

Alkitab

Bahasa Sunda

Kejadian

1 ¹Nalika Allah nyiptakeun jagat raya,
²harita bumi teu puguh wangunna,
kaayaanana kacida matak geueumanana.
Sagara motah ngaliputan satangkaraking
jagat. Alam poek ngajumbleng. Pangawasa
Allah murba saluhureun sagara.

³Lajeng Allah ngandika, "Sing caang," bray
bae caang.

⁴Seug ku Allah ditilik sarta kamanah. Eta
caang ku Mantenna dipisahkeun tina poek.

⁵Caang dingaranan "Beurang", ari poek
dingaranan "Peuting". Peuting geus kaganti
ku isuk: Poe nu kahiji.

⁶(1: 6-7) Allah ngandika, "Sing aya
kelewung, geusan misahkeun cai sina jadi
dua tempat." Seug bae jadi. Allah geus
ngadamel kelewung, anu misahkeun cai di
sahandapeunana ti cai nu aya di saluhureun
kelewung tea.

⁷(1: 6)

⁸Eta kelewung ku Mantenna dingaranan
"Langit". Peuting kaganti deui ku isuk: Poe nu
kadua.

⁹Allah ngandika, "Cai nu aya di sahandapeun
langit sing ngumpul jadi satempat, sangkan
tembong taneuh." Seug bae jadi.

¹⁰Taneuh tea ku Mantenna dingaranan "Darat", ari pakumpulan cai dingaranan "Laut". Seug ku Allah ditilik sarta kamanah.

¹¹Allah ngandika, "Di darat sing aya rupa-rupa tatangkalan, boh nu ngabijilkeun sisikian, boh nu baruahan." Seug bae jadi.

¹²Di darat jadi aya rupa-rupa tutuwuhan, boh bangsa sisikian boh nu baruahan, seug ku Allah ditilik sarta kamanah.

¹³Peuting kaganti deui ku isuk: Poe nu katilu.

¹⁴Allah ngandika, "Di langit sing aya sumber caang, geusan misahkeun beurang jeung peuting, jeung geusan nangtukeun mangsa, poe, taun jeung hari raya kaagamaan.

¹⁵Eta sumber-sumber caang sina raang di langit, sangkan nyaangan ka bumi." Seug bae jadi.

¹⁶Allah geus ngadamel dua rupa sumber caang anu galedé, nya eta: Panonpoe, keur nyaangan ti beurang, jeung bulan, keur nyaangan ti peuting. Jaba ti eta dipidamel oge bentang-bentang.

¹⁷Kabeh ku Mantenna dipernahkeun di langit, sina nyaangan bumi,

¹⁸ngarajaan beurang, ngaratuan peuting, sarta misahkeun caang tina poek. Seug ku Allah ditilik sarta kamanah.

¹⁹Peuting kaganti deui ku isuk: Poe nu kaopat.

²⁰Allah ngandika, "Di cai sing pinuh ku rupa-rupa sasatoan nu harirup, ari awang-awang sing pinuh ku rupa-rupa manuk."

²¹Allah ngadamel mahluk-mahluk laut anu galede katut sagala rupa sasatoan anu harirup di laut, kitu deui sagala rupa bangsa manuk. Seug ku Allah ditilik sarta kamanah.

²²Ti dinya ku Mantenna diberkahan kabeh, nu harirup di laut ditimbalan sing nepi ka minuhan laut, manuk-manuk ditimbalan sing ngarekahan baranahan.

²³Peuting kaganti deui ku isuk: Poe nu kalima.

²⁴Allah ngandika, "Di darat sing aya rupa-rupa sasatoan, sato piaraan, sato leuweung, nu galede, nu laleutik." Seug bae jadi.

²⁵Sanggeus dipidamel, ku Allah ditilik sarta kamanah.

²⁶Allah ngandika, "Ayeuna Urang nyieun manusa, masing nyeples sarimbag jeung Urang. Urang sina murba ka bangsa lauk, ka bangsa manuk jeung ka bangsa sasatoan, boh sato piaraanana, boh sato leuweungna, nu galede, nu laleutik."

²⁷Lajeng Allah ngadamel bangsa manusa nyeples Mantenna. Ngadamelna lalaki jeung awewe.

²⁸Geus kitu diberkahan, timbalana-Na, "Masing loba anak, turunan maraneh sing nepi ka minuhan ieu bumi sarta murba ka

eta. Maneh ku Kami dikawasakeun murba ka bangsa lauk, ka bangsa manuk, kitu deui ka bangsa sasatoan leuweung.

²⁹ Maneh ku Kami geus disadiaan sagala rupa sisikian jeung bubuhan keur dahareun.

³⁰ Ari bangsa sasatoan jeung bangsa manuk ku Kami dibere jujukutan jeung dangdaunan keur hakaneunana." Nya kitu kajadianana.

³¹ Sakur anu geus dipidamel-Na tea kabeh ku Allah ditilik sarta pohara kamanah-Na. Peuting kaganti deui ku isuk: Poe nu kagenep.

2¹ Ku kituna jagat raya jadi lengkep sampurna.

²Dina poe nu katujuh, Allah liren tina sagala padamelana-Na sabab geus rengse.

³Poe nu katujuh teh ku Mantenna diberkahan tur diwalikeun ti poe-poe sejenna, lantaran dina poe eta Mantenna geus nyampurnakeun sagala padamelan ciptan-Na sarta terus reureuh.

⁴Kitu hal dijadikeunana jagat raya teh. Waktu langit jeung bumi keur dipidamel keneh ku GUSTI Allah,

⁵di bumi can aya pepelakan, can aya binih nu jadi, lantaran Mantenna teu acan nurunkeun hujan, tanah tacan aya nu ngolah, lantaran can aya jelema.

⁶Kakara aya cai anu kaluar ti jero taneuh, ngabaseuhan beungeut bumi.

⁷Ari manusa, dipidamelna ku GUSTI Allah teh nya eta tina taneuh. Sanggeus diwangun

mangrupa jelema, tuluy ditiupkeun napas anu matak hirup kana liang irungna, seug manusa teh ngajadi mahluk hirup.

⁸Geus kitu GUSTI Allah ngadamel hiji taman di tanah Eden beulah wetan. Manusa teh dipernahkeun di dinya.

⁹Mantenna ngajadikeun rupa-rupa tatangkalan nu aralus, jaradi di dinya jeung baruahan. Di tengah-tengah taman aya tangkal. Nu hiji tangkal kahirupan, nu hiji deui tangkal nu mere pangarti geusan ngabedakeun nu hade ti nu goreng.

¹⁰Eta taman meunang cai ti hiji walungan anu aya di tanah Eden. Ti beh girangna eta walungan nyagak opat.

¹¹Nu kahiji ngaranna Walungan Pison, ngocorna ngurilingan tanah Hawila,

¹²kawentar ku emas murnina, wawangian kitu deui batu-batu mulya.

¹³Nu kadua ngaranna Walungan Gihon, ngocorna ngurilingan tanah Kus.

¹⁴Nu katilu ngaranna Walungan Tigris, ngocorna ka tanah wetaneun tanah Asur. Nu kaopat ngaranna Walungan Eprat.

¹⁵Nya di dinya manusa dipernahkeunana teh ku GUSTI Allah, sina ngurus jeung ngajaga.

¹⁶Timbalana-Na ka manusa, "Bubuhan tangkal nu mana bae di ieu taman, meunang didahar,

¹⁷kajaba ti tangkal anu mere pangarti geusan ngabedakeun nu hade ti nu goreng.

Eta buahna teu meunang didahar, sabab mun didahar, poe eta keneh maneh paeh."

¹⁸GUSTI Allah ngandika, "Teu hade manusa hirup sorangan. Ku Kami rek dibere batur anu pantes, sina ngabaturan."

¹⁹Tuluy Mantenna ngadamel sagala rupa sasatoan jeung rupa-rupa manuk tina taneuh, geus kitu sina daratang ka manusa tea. Mantenna palay uninga kumaha rek dingarananana eta sasatoan teh. Ku jalan kitu kabeh sasatoan teh sina baroga ngaran masing-masing.

²⁰Seug eta sagala rupa manuk jeung sasatoan teh ku manusa dingaranan. Tapi sahiji ge taya nu pantes geusan jadi batur hirupna.

²¹Ti dinya eta manusa ku GUSTI Allah disina sare tibra. Sabot sare, tulang igana dicabut sahiji, ari urutna ditutupan ku daging.

²²Eta tulang iga ti lalaki teh diwangun sina mangrupa awewe, tuluy dibawa ka eta manusa.

²³Seug eta lalaki teh ngucap kieu, "Tah geuning, ayeuna mah aya anu sabangsa jeung aing. Tulangna asal ti aing, dagingna nya kitu keneh. Awewe bakal disebutna, sabab asal ti lalaki."

²⁴Eta sababna, lalaki teh baris ninggalkeun sarta misah ti indung bapana, seug ngahiji jeung bojona, sarta hirupna jadi satunggal.

²⁵Boh nu lalaki boh nu awewe duanana taranjang tapi teu ngarasa areraeun.

3 ¹Aya sato damelan GUSTI Allah anu pangjailna, nya eta oray. Eta oray ngomong kieu ka awewe tea, "Na enya saur Allah, anjeun teu meunang ngadahar bubuhan nu aya di ieu taman?"

²Jawab awewe, "Bubuhan di ieu taman, ti tangkal mana bae oge meunang didahar,

³kajaba ti tangkal anu di tengah-tengah taman. Geus dielingan ku Allah yen teu meunang didahar, dicabak ge ulah, sabab mun ngadahar eta tangtu paeh."

⁴Ceuk oray, "Teu kitu. Hamo matak paeh.

⁵Allah sasauran kitu teh pedah uninga, yen upama aranjeun ngadahar eta buah kapinteran, aranjeun bakal mapakan Mantenna, bisa terang kana hade jeung goreng."

⁶Seug tangkal teh eta awewe dipelong, pohara endahna, buahna bangun pohara ngeunahna. Ceuk pamikirna, tada teuing ahengna mun bisa terang kana sagala hal. Tuluy bae metik buahna seug didahar. Sok carogena dibere, tuluy milu ngadahar.

⁷Harita keneh, sanggeus ngadahar eta buah, duanana kaancikan ku pangarti, sarta terus sadar yen taranjang. Tuluy maranehna ngantet-ngantetkeun daun kondang dipake apok.

⁸Pasosore, waktu GUSTI Allah ngaroris ka eta taman, ku maranehna kadarengeeun, tuluy bae nyarumput kana sela-sela tatangkalan.

⁹Nu lalaki ku GUSTI Allah digentraan, "Maneh di mana?"

¹⁰Walonna, "Ku abdi kakuping Anjeun aya di taman. Abdi nyumput margi ngaraos gimir rehna taranjang."

¹¹Allah mariksa, "Nyaho ti saha yen ditaranjang? Na maneh ngadahar buah anu ku Kami dilarang?"

¹²Walonna, "Sumuhun, dipaparin ti awewe paparin ti Anjeun tea."

¹³GUSTI Allah mariksa ka awewe, "Naha maneh mana kitu?" Ari walonna, "Neda eta buah teh margi ditipu ku oray."

¹⁴Ti dinya GUSTI Allah nimbalan ka eta oray, "Eta kalakuan maneh kudu dihukum. Ti antara sasatoan, ngan maneh nu ku Kami rek disapa. Ti semet ieu maneh baris ngengsod ku beuteung maneh sarta saumur-umur bakal ngahakan kekebul."

¹⁵Maneh jeung eta awewe baris silih pikaceuceub. Bangsa manusa jeung bangsa oray baris mumusuhan sapapanjangna. Manusa baris ngaremukkeun hulu maneh, ari maneh mo weleh ngarah-ngarah rek macok keuneung manusa."

¹⁶Ti dinya Mantenna nimbalan ka awewe tea, "Kanyeri maneh ku Kami rek ditambahan

sajeroning eukeur kakandungan, kitu keneh kanyeri dina waktu ngajuru. Sanajan kitu maneh mo weleh cumantel ka salaki, sanajan kudu tetep kumawula ka dinya."

¹⁷ Timbalana-Na ka lalaki, "Maneh geus kabawakeun ku pamajikan ngadahar buah anu ku Kami dilarang. Ku sabab eta, ieu bumi baris keuna ku panyapa. Mun hayang kaala hasilna geusan dahareun maneh sacukupna, maneh saumur-umur kudu digawe tisusut-tidungdung.

¹⁸ Sabab tanah teh baris ngabijilkeun jujukutan, hama jeung bangsa cucuk, nepi ka maneh kapaksa kudu ngadaharan tutuwuhan leuweung.

¹⁹ Maneh kudu luut-leet kesang heula sangkan bumi bisa mere hasil. Kitu bae sapapanjangna, nepi ka maneh mulang deui kana taneuh, asal maneh tea. Ku sabab maneh dijieun teh tina taneuh, nya kudu balik deui ngajadi taneuh."

²⁰ Ku Adam, bojona dijenenganan Hawa, tegesna indung sakabeh kaom manusa.

²¹ Aranjeunna ku GUSTI Allah dipangdamelkeun anggoan tina kulit sato, sina diaranggo.

²² Geus kitu GUSTI Allah ngandika, "Ayeuna manusa teh geus nyaho ka nu goreng jeung ka nu hade, teu beda ti urang. Ku sabab eta teu meunang deui ngadahar buah tina tangkal kahirupan, bisi harirup sapapanjangna."

²³Tuluy manusa teh ku GUSTI Allah diusir kaluar ti Taman Eden, sangkan ngusahakeun tanah nu jadi asal wiwitanana.

²⁴Di beulah wetan eta taman, di hareupeun panto asup, Mantenna nempatkeun sababaraha mukarabin, kalayan make pedang hurung muter nguwak-ngawik ka unggal jihat, megatan sing saha anu rek ngadeukeutan kana tangkal kahirupan.

4 ¹Geus kitu Adam sapatemon jeung geureuhana. Seug geureuhana bobot, tuluy babar, putrana pameget. Anjeunna sasauran, "Berkah pitulung PANGERAN, aing ayeuna boga anak." Seug putrana teh dijenengangan Kain.

²Babar deui, pameget, dijenengangan Habil. Habil jadi tukang ngangon, Kain jadi tukang tani.

³Hiji mangsa Kain ka PANGERAN nyanggakeun sabagian tina hasil panenna, dijieun kurban.

⁴Habil ge nyanggakeun kurban, anak domba cikal. Anu dihaturkeun daging anu panghadena. Kurban Habil ku PANGERAN kaanggo,

⁵kurban Kain ditolak. Kain jadi ngentab, murukusunu bakat ku ambek.

⁶Ngandika PANGERAN ka Kain, "Ku naon murukusunu, kucem beungeut?

⁷Coba lamun tas migawe anu bener mah tangtu beungeut teh marahmay. Tapi ku

sabab tas migawe anu goreng, tuh di lawang panto, dosa eukeur ngadodoho, arek kumawasa ka maneh. Ku maneh kudu dielehkeun."

⁸Geus kitu saur Kain ka Habil rayina, "Adi, hayu urang ka tegal." Ari geus araya di tegal, rayina ditarajang, dipergasa nepi ka maot.

⁹Mariksa PANGERAN ka Kain, "Mana Habil adi maneh?" Ari walonna, "Duka! Na abdi teh kedah ngangasuh adi?"

¹⁰Dawuhan PANGERAN, "Na maneh teh jahat-jahat teuing? Getih adi maneh sasambat ka Kami di jero taneuh, semu menta dipangmaleskeun.

¹¹Maneh ayeuna katulah, hamo deui bisa ngolah taneuh. Sabab taneuh geus kaserepan ku getih adi maneh. Barang adi maneh dipaehan, taneuh teh lir nyalawakkeun sungut, geusan narima adi maneh.

¹²Ana maneh nyoba pulak-pelak, taneuh teh moal mere hasil. Maneh baris uprak-apruk, moal boga enggon nyiruruk."

¹³Piunjuk Kain ka PANGERAN, "Eta hukuman teh kalintang abotna, abdi hamo kiat nandanganana.

¹⁴Mana diusir ti ieu tanah, mana ditebihkeun ti payuneun Anjeun. Mana kedah uprak-apruk teu gaduh enggon nyiruruk, tangtos abdi dipaehan ku jalma nu pareng manggihan."

¹⁵Tapi PANGERAN ngawaler, "Hamo. Saupama maneh aya nu maehan, tujuh

nyawa pigantieunana, kaasup anu maehan ka maneh tea oge baris dipaehan." Ti dinya Kain teh dicirian ku PANGERAN geusan jadi tanda ka sing saha bae yen Kain teh teu meunang dipaehan.

¹⁶ Los Kain mungkur ti payuneun PANGERAN, tuluy matuh di hiji tempat anu disebut Nod, anu hartina ngumbara, di wetaneun tanah Eden.

¹⁷ Kain jeung garwana puputra, dijenenganan Hanok. Ti dinya Kain ngadamel hiji nagara, seug dingaranan ku jenengan putrana.

¹⁸ Hanok puputra Irad, Irad puputra Mehuyael. Mehuyael puputra Metusael. Metusael puputra Lamek.

¹⁹ Lamek geureuhana dua, Adah jeung Silah.

²⁰ Adah ngababarkeun Yabal, karuhun jelema-jelema tukang maliara ingon-ingon sarta maratuhna di kemah-kemah.

²¹ Dulur Yabal ngaranna Yubal, karuhun ahli-ahli tatabeuhan, ahli-ahli ngacapi jeung nyuling.

²² Ari Silah ngababarkeun Tubal-Kain, tukang nyieun sagala rupa paparabotan tina parunggu jeung beusi. Saderek Tubal-Kain anu istri jenenganana Naamah.

²³ Ngalahir Lamek ka dua geureuhana, "Adah, Silah, dengekeun! Akang tas maehan hiji jajaka, bongan neunggeul ka Akang.

²⁴Anu maehan Kain, kudu nebus ku tujuh nyawa, anu maehan Akang mah kudu nebus ku tujuh puluh tujuh nyawa."

²⁵Adam jeung geureuhana kagungan putra deui. Saur geureuhana, "Allah maparin deui anak, gaganti Habil anu dipaehan ku Kain." Seug putrana teh dijenenganan Set.

²⁶Set puputra Enos. Ti harita, jelema-jelema teh mimiti nyarebut jenengan PANGERAN upama nyarembah.

5 ¹Ieu daptar turunan Adam. (Allah midamelna manusa teh numutkeun kumaha rupi Mantenna.

²Dipidamelna lalaki jeung awewe. Ku Mantenna diberkahan, jeung dingaranan "Manusa".)

³Sanggeus yuswana 130 taun, kenging putra, anu rupina siga anjeunna, dijenenganan Set.

⁴Ti semet eta, Adam masih jumeneng keneh 800 taun, sarta kenging deui putra sababaraha urang.

⁵Pupusna dina yuswa 930 taun.

⁶Set, sanggeus yuswana 105 taun, kenging putra Enos.

⁷Ti semet eta jumeneng keneh 807 taun, sarta kenging deui putra sababaraha urang.

⁸Pupusna dina yuswa 912 taun.

⁹Enos sanggeus yuswana 90 taun kenging putra, Kenan.

¹⁰Ti semet eta jumeneng keneh 815 taun, sarta kenging deui putra sababaraha urang.

¹¹Pupusna dina yuswa 905 taun.

¹²Kenan, sanggeus yuswana 70 taun kenging putra, Mahalalel.

¹³Ti semet eta jumeneng keneh 840 taun, sarta kenging deui putra sababaraha urang.

¹⁴Pupusna dina yuswa 910 taun.

¹⁵Mahalalel, sanggeus yuswana 65 taun kenging putra, Yared.

¹⁶Ti semet eta jumeneng keneh 830 taun, sarta kenging deui putra sababaraha urang.

¹⁷Pupusna dina yuswa 895 taun.

¹⁸Yared, sanggeus yuswana 162 taun kenging putra, Hanok.

¹⁹Ti semet eta jumeneng keneh 800 taun, sarta kenging deui putra sababaraha urang.

²⁰Pupusna dina yuswa 962 taun.

²¹Hanok, sanggeus yuswana 65 taun, kenging putra, Metusalah.

²²Ti semet eta jumeneng keneh 300 taun, ibadah ruket jeung Allah, sarta kenging deui putra sababaraha urang.

²³Yuswana nepi ka 365 taun.

²⁴Sapanjang jumenengna raraketan jeung Allah, geus kitu gaib, karana dicandak ku Allah.

²⁵Metusalah, sanggeus yuswana 187 taun kenging putra, Lamek.

²⁶Ti semet eta jumeneng keneh 782 taun, sarta kenging deui putra sababaraha urang.

²⁷ Pupusna dina yuswa 969 taun.

²⁸ Lamek, sanggeus yuswana 182 taun kenging putra.

²⁹ Pok misaur, "Ieu budak bakal ngajait urang tina gawe beurat migawe taneuh anu geus keuna ku panyapa PANGERAN." Ku sabab eta, putrana teh dijenenganan Enoh.

³⁰ Ti semet eta Lamek jumeneng keneh 595 taun, sarta kenging deui putra sababaraha urang.

³¹ Pupusna dina yuswa 777 taun.

³² Enoh, sanggeus yuswana 500 taun kenging putra tilu: Sem, Ham jeung Yapet.

6 ¹ Manusa geus mencar ka mana-mana, sarta barudak awewe geus lalahir.

² Aya sawatara urang putra-putra surgawi anu barogoheun ka eta barudak awewe, kawantu gareulis. Tuluy bae nyarokot hiji sewang, sakabogohna-sakabogohna.

³ Ngandika PANGERAN, "Jelema-jelema teh ku Kami moal sina hirup sapapanjangna. Kabehanana sipat pipaeheun. Ti semet ayeuna umurna moal sina leuwih ti 120 taun."

⁴ Di jaman eta, malah sanggeus jaman eta oge, di ieu bumi teh loba jelema raksasa, turunan manusa awewe jeung putra-putra surgawi tea. Eta raksasa-raksasa teh baheula jaradi jelema anu kacida garagahna tur kamashur.

⁵Ana PANGERAN uninga yen tiap manusa di dunya geus sakitu jarahatna, sarta pipikiranana salawasna pohara kalotorna,

⁶Mantenna ngaraos hanjakal geus ngadamel sarta merenahkeun maranehna di bumi. Ku hanjakal-hanjakalna,

⁷Mantenna ngalahir kieu, "Eta umat ciptaan Kami teh mending dibasmi ku Kami, kitu deui sasatoan jeung manuk. Kami hanjakal geus nyieun maranehanana."

⁸Tapi ari ka Enoh mah PANGERAN misuka.

⁹(6: 9-10) Ieu carita Enoh. Anjeunna kagungan tilu putra, Sem, Ham jeung Yapet. Di jaman anjeunna harita, ngan anjeunna jelema nu hade teh. Hirupna rumaket ka Allah.

¹⁰(6: 9)

¹¹Salian ti anjeunna mah kabeh oge goreng katingalina ku Allah, katelengesanana geus sumebar ka mana-mana.

¹²Dunya teh ku Allah diteuteup, tetela geus ruksak, kawantu kalakuan jelema-jelemana geus raruksak kabeh.

¹³Ngandika Allah ka Enoh, "Kami geus nyieun putusan, jelema teh kabeh rek dianggeuskeun umurna. Rek ditumpes sama sakali, sabab dunya teh geus dedet ku kalakuan maranehanana anu telenges.

¹⁴Maneh kudu nyieun kapal tina kai kibeusi, kamar-kamarkeun, lampudan luar jerona ku ter.

¹⁵Ukuran panjangna eta kapal 133 meter, rubakna 22 meter, luhurna 13 meter.

¹⁶Kudu make hateup, jeung sisi-sisina bere antara 44 sentimeter. Jieun tilu umpakan, sisina pantoan.

¹⁷Ieu bumi ku Kami arek dibasmi ku caah. Sakur mahluk anu kumelip arek ditumpes.

¹⁸Tapi ka maneh mah Kami seja mere jangji. Maneh saanak pamajikan jeung minantu-minantu, kudu asup ka eta kapal.

¹⁹(6: 19-20) Bawa deuih saban rupa golongan sasatoan, masing-masing hiji jaluna, hiji bikangna; kitu keneh manuk, supaya karaksa.

²⁰(6: 19)

²¹Bebekelan ulah kari, keur maneh jeung sasatoan."

²²Eta timbalan Allah ku Enoh dijalankeun.

7 ¹Ngandika PANGERAN ka Enoh, "Maneh sakulawarga, geura arasup ka kapal. Ku Kami geus kanyahoan, ngan maneh jelema di ieu dunya anu bener kalakuan.

²Bawa ka kapal saban rupa golongan sato, anu halal masing-masing tujuh jodo, anu haram sajodo-sajodo bae.

³Oge saban rupa golongan manuk masing-masing tujuh jodo. Pek geura pigawe, sangkan eta bangsa sato jeung manuk anu sakitu teh karaksa hirupna, geusan bibit ka hareup.

⁴Tujuh poe deui Kami rek nurunkeun hujan
lilana opat puluh poe opat puluh peuting, rek
dipake numpes sakur anu kumelip jijieunan
Kami."

⁵Eta sagala timbalan PANGERAN teh ku
Enoh dijalankeun.

⁶Dina waktu der caah, yuswa Enoh geus
genep ratus taun.

⁷Anjeunna, geureuhana, putra-putrana
jeung mantu-mantuna, arunggah ka kapal
nyingkahan caah.

⁸Sasatoan, manuk, nu haram, nu halal,
masing-masing hiji jalu hiji bikang ti saban
golongan,

⁹arasup jeung Enoh ka kapal, sakumaha
anu ditimbalkeun ku Allah.

¹⁰Tujuh poe ti harita caah geus mimiti der.

¹¹Nincak kana genep ratus taun yuswa
Enoh, dina tanggal tujuh belas, bulan kadua,
sungapan-sungapan cai anu rongkah di
jero taneuh, kabeh mararudal tingburial,
lawang-lawang cai di langit kabeh maruka,

¹²breg hujan turun ka bumi, opat puluh poe
opat puluh peuting.

¹³Poe eta keneh Enoh, geureuhana, tilu
putrana nya eta Sem, Ham, jeung Yapet,
jeung bojo-bojona, arunggah ka kapal.

¹⁴Dibarengan ku sasatoan, sato ingu,
sato leuweung, nu gede, nu leutik, manuk,
masing-masing ti saban golongan.

¹⁵Ti saban golongan mahluk anu kumelip, masing-masing hiji jalu hiji bikang, arasup jeung Enoch ka kapal,

¹⁶sakumaha anu ditimbalkeun ku Allah. Geus kitu panto kapal teh ditutup ku PANGERAN.

¹⁷Caah lumangsung terus nepi ka opat puluh poe. Cai geus ngaluhuran, geus kuateun ngampulkeun eta kapal nepi ka ngambang.

¹⁸Cai terus beuki luhur, solojong eta kapal maju.

¹⁹Cai geus kacida luhurna, mani geus laput gunung-gunung anu pangluhurna,

²⁰tapi masih naek keneh bae, nepi ka tujuh meter luhurna ti puncak-puncak gunung.

²¹Sakur mahluk nu kumelip di bumi, manuk, sato, jelema, kabeh tiwas.

²²Tiap mahluk bumi nu boga ambekan, paeh.

²³Tiap mahluk anu kumelip di bumi, manusia, sato, manuk, kabeh ku PANGERAN dibasmi. Anu dikarikeun hirup ngan Enoch jeung anu marilu ka anjeunna ka kapal.

²⁴Cai henteu orot-orot nepi ka saratus lima puluh poe lilana.

8¹Allah teu lalieu ka Enoch jeung ka sasatoan anu di kapal. Seug Mantenna ngagerakkeun angin niup cai. Cai mimiti rodrodan surud.

²Sungapan-sungapan di jero taneuh,
kitu keneh lawang-lawang hujan di langit
ngalalingkup deui. Hujan raat,

³cai beuki lila beuki surud di jero saratus
lima puluh poe.

⁴Dina tanggal tujuh belas bulan nu katujuh,
kapal teh nyangsang di hiji puncak jajaran
Gunung Ararat.

⁵Cai surud terus, sarta dina tanggal hiji
bulan kasapuluh, puncak-puncak gunung
mimiti tarembong.

⁶Opat puluh poe ti harita, Enoh mukakeun
jandela,

⁷pur ngaleupaskeun manuk gagak. Gagak
teh teu balik deui, terus bae ngelayang
kukurilingan nepi ka saatna cai.

⁸Sabot kitu, pur deui Enoh ngaleupaskeun
japati, seja naksir cai geus orot atawa acan.

⁹Tapi ku sabab bumi kakeueum keneh, eta
japati teu manggih pieunteupeun. Kalayang
balik deui ka kapal, ku Enoh ditewak.

¹⁰Anjeunna ngantos deui saminggu, pur
japati teh dileupaskeun deui.

¹¹Pasosore eta manuk balik deui, mawa
pucuk jetun seger keneh dina pamatukna.
Ayeuna Enoh uninga, yen cai geus orot.

¹²Anjeunna ngantos deui saminggu, japati
dileupaskeun deui. Teu balik deui ayeuna
mah.

¹³Nincak kana 601 taun yuswa Enoh,
dina tanggal hiji bulan nu kahiji, cai geus

saat. Enoh muka hateup kapal, rarat-reret, katingalieun taneuh geus mimiti tuus.

¹⁴Dina tanggal dua puluh tujuh, bulan anu kadua, bumi geus tuhur pisan.

¹⁵Ngandika Allah ka Enoh,

¹⁶"Geura kaluar ti kapal saanak pamajikan jeung minantu.

¹⁷Kaluarkeun deuih manuk jeung sasatoan sejenna, gede leutik, sina baranahan tuluy malencar ka sakuliah jagat."

¹⁸Ti dinya Enoh saputra garwa jeung mantu kaluar ti kapal,

¹⁹kitu deui sasatoan jeung manuk, kalaluar papasangan, nurutkeun golonganana.

²⁰Ti dinya Enoh ngadamel altar haturan PANGERAN. Tuluy ngurbankeun sasatoan jeung manuk anu halal, sasaki-sasaki ti tiap golongan, diduruk dina eta altar.

²¹Seungitna eta kurban matak bingah ka PANGERAN, seug Mantenna sasauran lebeting manah, "Kami hamo nyapa-nyapa deui bumi ku tina kalakuan manusia. Kami nyaho, pipikiranana teh geus kotor ti ngongorana. Moal deui-deui Kami ngabasmi sakabeh mahluk anu nyawaan saperti ayeuna.

²²Sapanjang jagat gumelar, kudu aya usum pepelakan, aya usum panen. Sapapanjangna kudu aya panas, aya tiis, aya usum halodo, aya usum hujan, aya beurang, aya peuting."

9¹Allah ngaberkanan ka Enoh jeung putra-putrana. Lahirana-Na, "Sing laloba

anak, sangkan turunan maraneh ngeusian sakuliah jagat.

²Sasatoan, manuk, lauk, bakal mikasieun ka maraneh. Maraneh kawasa ka dinya.

³Ti semet ayeuna, eta ku maraneh bisa didahar cara pepelakan anu harejo. Kop bae pikeun dahareun.

⁴Anu teu meunang didahar ngan sarupa, nya eta daging anu ngandung keneh getih. Kami ngalarang, lantaran dina getih teh aya dat hirup.

⁵Lamun aya anu ngala pati manusa tangtu dihukum. Sato anu maehan manusa, ku Kami baris dihukum paeh.

⁶Manusa teh dijadikeunana sarimbag jeung Kami. Ku sabab eta, sing saha anu maehan manusa, baris dipaehan deui ku sasama manusa.

⁷Maraneh sing laloba anak, sangkan turunan maraneh ngeusian sakuliah jagat."

⁸Ngandika Allah ka Enoh jeung putra-putrana,

⁹"Kami ayeuna arek nyieun perjangjian ka maneh saturun-tumurun,

¹⁰kitu keneh ka sakabeh mahluk anu nyawaan manuk jeung sasatoan sagala rupa bae, anu kalaluar ti kapal reujeung maraneh.

¹¹Kieu ikrar perjangjian Kami ka maraneh: Kami jangji, moal deui-deui sakabeh mahluk anu nyawaan ku Kami dibasmi ku caah; moal aya deui caah gede anu ngaruksak jagat.

¹² Pikeun tanda eta perjangjian Kami anu langgeng ka maraneh jeung ka sakabeh mahluk anu nyawaan,

¹³ Kami baris masang katumbiri dina mega. Eta tandana perjangjian Kami ka alam dunya.

¹⁴ Samangsa-mangsa Kami ngalaput langit ku mega tuluy timbul katumbiri,

¹⁵ eta tanda Kami eling kana jangji ka maraneh jeung ka sasatoan, yen hamo deui caah ngabasmi sakabeh mahluk anu nyawaan.

¹⁶ Samangsa-mangsa dina mega tempong katumbiri, tangtu tempong ka Kami, sarta Kami tangtu inget kana jangji Kami anu langgeng, antara Kami jeung sakabeh mahluk anu kumelip di jagat.

¹⁷ Kitu tandana perjangjian Kami ka sakabeh mahluk hirup di bumi."

¹⁸ Putra-putra Enoh anu kaluar ti kapal, nya eta: Sem, Ham jeung Yapet. (Ari Ham teh karuhun urang Kanaan.)

¹⁹ Ieu putra nu tiluan, jadi karuhun sakabeh manusa sajagat.

²⁰ Enoh teh tukang tani. Nya anjeunna jelema anu pangmimitina melak anggur.

²¹ Sabada ngaleueut anggur, anjeunna mabok, seug ngalaanan anggoan terus ngagoledag di jero tenda dari purucul.

²² Ari Ham, karuhun urang Kanaan tea, ningali rama purucul kitu teh anggur wawartos ka dua saderekna.

²³ Sem jeung Yapet nyandak kampuh, kampuhna dicepeng dikapungkurkeun. Geus kitu lalebet ka jero tenda, angkatna mundur, rup ramana dikampuhan bari mungkur ngalieuskeun raray, sangkan teu ningali kana kaayaan rama anu purucul.

²⁴ Barang Enoh geus emut tur uninga kana kalakuan putra nu panganomna kitu ka anjeunna,

²⁵ pok ngalahir, "Si Kanaan sing katulah! Dirina baris jadi badega dulur-dulurna.

²⁶ Puji PANGERAN Allahna Sem! Si Kanaan baris jadi badega Sem.

²⁷ Mugia Allah nambihan berekah ka Yapet, kalayan ngalegaan panganjrekanana. Mugia turunan Yapet runtut-raut jeung turunan Sem! Si Kanaan baris jadi badega Yapet."

²⁸ Ti sanggeus caah gede tea, Enoh jumeneng keneh 350 taun.

²⁹ Pupus dina yuswa 950 taun.

10¹ Ieu turunan Sem, Ham jeung Yapet, putra-putra Enoh. Ieu anu tilu, karagunganana putra teh ti sanggeus caah gede tea.

² Putra-putra Yapet nya eta: Gomer, Magog, Madai, Yawan, Tubal, Mesek jeung Tiras aranjeunna karuhun jelema-jelema anu marake eta ngaran.

³ Turunan Gomer nya eta bangsa Askenas, Ripat jeung Togarma.

⁴Turunan Yawan nya eta bangsa Elisa, Sepanyol, Siprus jeung Rodes;

⁵eta jadi karuhun-karuhunna bangsa anu caricingna di sapanjang basisir jeung pulo-pulo. Tah eta turunan Yapet, jadi rupa-rupa kaom, beda-beda nagara, beda-beda basa.

⁶Putra-putra Ham nya eta: Kus, Mesir, Libia jeung Kanaan, aranjeunna karuhun jelema-jelema anu marake eta ngaran.

⁷Turunan Kus nya eta bangsa Seba, Hawila, Sabta, Raama jeung Sabteka. Turunan Raama nya eta bangsa Syeba jeung Dedan.

⁸Kus puputra Namrud, Namrud teh anu pangmimitina jadi tukang naluk-nalukkeun dunya.

⁹Tur kalawan pareng ti PANGERAN, jadi paninggaran anu kamashur, nepi ka jadi kacapangan, "Sing diparengkeun ku PANGERAN, anjeun jadi paninggaran nu kamashur kawas Namrud."

¹⁰Karajaanana anu mimiti nya eta: Babul, Erek, Akad, kabehanana di tanah Babilonia.

¹¹Ti tanah eta Namrud terus ka tanah Asur, tuluy ngadegkeun nagara Ninewe, Rehobot Ir, Kalah,

¹²jeung Resen, anu perenahna antara Ninewe jeung nagara gede Kalah.

¹³Turunan Mesir nya eta: bangsa Lidia, Anam, Lehab, Naptuh,

¹⁴Patrus, Kasluh jeung Kreta. Kreta nurunkeun bangsa Pelisti.

¹⁵ Putra-putra Kanaan nya eta: Sidon, anu cikal, jeung Het aranjeunna karuhun jelema-jelema anu marake eta ngaran.

¹⁶ Kanaan oge jadi karuhun bangsa Yebus, Emor, Girgas,

¹⁷ Hiwi, Arki, Sin,

¹⁸ Arwad, Semar jeung Hamat. Rupa-rupa kaom Kanaan pabalencar,

¹⁹ nepi ka wawatesan Kanaan teh legana ti Sidon terus ngidul ka Gerar deukeut Gasa, terus ngetan ka Sadumu, Gomora, Adma jeung Seboim deukeut Lasa.

²⁰ Tah eta turunan Ham, jadi rupa-rupa kaom, beda-beda nagara, beda-beda basa.

²¹ Sem, rakana Yapet, jadi karuhun bangsa Ibrani.

²² Putra-putra Sem nya eta: Elam, Asur, Arpaksad, Lud, jeung Aram anu jaradi karuhun bangsa-bangsa anu marake eta ngaran.

²³ Turunan Aram nya eta bangsa Us, Hul, Geter jeung Mesek.

²⁴ Arpaksad puputra Selah, Selah puputra Eber.

²⁵ Eber puputra dua. Nu hiji ngaranna Peleg, dumeh keur jaman eta bangsa-bangsa di dunya di pecah-pecah; nu hiji deui ngaranna Yoktan.

²⁶ Turunan Yoktan nya eta bangsa Almodad, Selep, Hasar Mawet, Yarah,

²⁷ Hadoram, Usal, Dikla,

²⁸Ebal, Abimael, Syeba,

²⁹Opir, Hawila jeung Yobab. Eta turunan Yoktan.

³⁰Tanah pangancikanana ti semet tanah Mesa nepi ka Separ di pagunungan beulah wetan.

³¹Tah eta turunan Sem, jadi rupa-rupa kaom, beda-beda nagara, beda-beda basa.

³²Eta bangsa-bangsa kabeh turunan Enoh, sabangsana-sabangsana, nurutkeun garis turunanana masing-masing. Ti semet caah gede tea, bangsa-bangsa di dinya teh kabeh turunan ti putra-putra Enoh.

11 ¹Asalna mah basa teh ngan hiji.

Jelema-jelema sadunya, ngaromongna sabasa, kecap-kecapna sarua.

²Sanggeus ngaprak ka tebeh wetan, maranehna narepi ka hiji wewengkon di Babilonia, seug maratuh di dinya.

³Geus kitu maranehanana silih ajak pada batur, pokna, "Anggur urang nyieunan bata, urang beuleum sing alus." Terusna bata geus loba keur nyieun adegan, ter keur pamageuhna nya kitu keneh.

⁴Terus ceuk maranehna, "Ayeuna urang nyieun nagara. Urang make munara anu puncakna nepi ka langit, sangkan urang kamashur jeung supaya ulah papencar ka mana-mendi."

⁵Lajeng PANGERAN lungsur seja ningalian eta nagara jeung munara anu keur diadegkeun.

⁶Mantenna ngandika, "Ayeuna eta jelema-jelema teh sabangsa jeung ngaromongna kabeh sabasa. Ayeuna maranehna kakara mimiti barang jieunna. Moal lila deui mah maranehna tangtu bisa ngalaksanakeun sagala pamaksudanana.

⁷Hayu Urang turun, Urang kusutkeun basana, sina ulah ngarti batur pada batur."

⁸Eta jelema-jelema ku PANGERAN dipaburencaykeun ka sakuliah dunya, pagaweanana nyieun nagara tea jadi bangkar.

⁹Eta nagara dingaranan Babul, lantaran di dinya PANGERAN ngusutkeun basa manusa, sarta ti semet harita, manusa teh ku Mantenna dipaburencaykeun ka sakuliah dunya.

¹⁰Ieu turunan Sem. Dua taun ti sanggeus caah gede, waktu Sem yuswa 100 taun, kagungan putra hiji, Arpaksad.

¹¹Ti semet eta, Sem jumeneng keneh 500 taun deui, sarta puputra deui sababaraha urang.

¹²Arpaksad, dina yuswa 35 taun, puputra hiji, Selah.

¹³Ti semet eta anjeunna jumeneng keneh 403 taun deui, sarta puputra deui sababaraha urang.

¹⁴ Selah, dina yuswa 30 taun, puputra hiji, Eber.

¹⁵ Ti semet harita anjeunna jumeneng keneh 403 taun deui, sarta puputra deui sababaraha urang.

¹⁶ Eber, dina yuswa 34 taun, puputra hiji, Peleg.

¹⁷ Ti semet harita anjeunna jumeneng keneh 430 taun deui, sarta puputra deui sababaraha urang.

¹⁸ Peleg, dina yuswa 30 taun, puputra hiji, Rehu.

¹⁹ Ti semet harita anjeunna jumeneng keneh 209 taun deui, sarta puputra deui sababaraha urang.

²⁰ Rehu, dina yuswa 32 taun, puputra hiji, Serug.

²¹ Ti semet harita anjeunna jumeneng keneh 207 taun deui sarta puputra deui sababaraha urang.

²² Serug, dina yuswa 30 taun, puputra hiji, Nahor.

²³ Ti semet harita anjeunna jumeneng keneh 200 taun deui, sarta puputra deui sababaraha urang.

²⁴ Nahor, dina yuswa 29 taun, puputra hiji, Terah.

²⁵ Ti semet harita anjeunna jumeneng keneh 119 taun deui, sarta puputra deui sababaraha urang.

²⁶Terah, dina yuswa 70 taun, jadi ramana Abram, Nahor jeung Haran.

²⁷Ieu turunan Terah, ramana Abram, Nahor jeung Haran. Haran puputra Elut.

²⁸Haran pupus di tanah asalna, kota Ur di Babilonia, waktu ramana jumeneng keneh.

²⁹Abram nikah ka Sarai. Nahor nikah ka Milka putra Haran. Aya keneh putra Haran anu lalaki, nya eta Yiska.

³⁰Sarai henteu kagungan bae putra.

³¹Geus kitu Terah ngantunkeun kota Ur di Babilonia, seja ka tanah Kanaan. Abram, putrana, Elut putuna anu ti Haran, Sarai mantuna geureuha Abram, dicandak. Ari sarumping ka tanah Haran, tuluy tumetep di dinya.

³²Terah pupus di dinya, dina yuswa 205 taun.

12¹Ngandika PANGERAN ka Abram,
"Maneh kudu pindah. Lemah cai,
baraya-baraya, eusi imah bapa, tinggalkeun.
Jugjug hiji nagara anu engke rek dituduhkeun
ku Kami.

²Maneh rek dibere turunan Ioba, anu
pijadieun bangsa gede. Kami seja mere
berkah ka maneh, sarta ngaran maneh ku
Kami seja dijieun kamashur, nepi ka maneh
pijadieun berkah.

³Kami baris ngaberkahan ka anu
ngaberkahan ka maneh. Baris nyapa ka anu

nyapa ka maneh. Kabeh bangsa ku Kami baris diberkahan, ku jalan maneh."

⁴Nincak kana yuswa tujuh puluh lima taun, Abram mimiti kaluar ti tanah Haran, tumut kana timbalan PANGERAN. Elut ngiring.

⁵Jadi anu dicandak teh Sarai geureuhana, Elut suanna, sagala harta bandana, kitu deui badega-badega asal urang tanah Haran, tuluy miang seja ka tanah Kanaan. Sanggeus sumping ka tanah Kanaan,

⁶Abram ngideran eta tanah nepi ka hiji tangkal karamat di More, hiji tempat karamat di wewengkon Sekem. (Harita mah urang Kanaan teh araya keneh di eta tanah.)

⁷Lajeng PANGERAN nembongan ka Abram sarta ngandika ka anjeunna, "Tah ieu nagara anu ku Kami arek dibikeun pikeun turunan maneh teh." Deg di dinya Abram ngadamel altar haturan PANGERAN anu geus nembongan ka anjeunna.

⁸Geus kitu anjeunna ngalih ka beulah kidul ka tanah pagunungan wetaneun kota Betel sarta masang tenda antara Betel di beulah kulon, jeung kota Ai di beulah wetan. Di dinya oge anjeunna ngadamel altar sarta ngabakti ka PANGERAN.

⁹Ti dinya anjeunna ulah-alih bae, majeng ka Kanaan beulah kidul.

¹⁰Tapi Kanaan pareng katarajang paceklik teu kira-kira, nepi ka Abram terus ka nu

Ieuwih kidul deui, ka Mesir, seja cicing di dinya saheulaanan.

¹¹ Barang arek lebet ka wates Mesir, pok sasauran ka Sarai geureuhana, "Nyai teh geulis.

¹² Ana engke urang Mesir narenjo, tangtu ceuk maranehanana teh euleuh itu pamajikanana. Tangtu Akang teh dipaehan ari Nyai mah moal.

¹³ Bejakeun bae yen Nyai adi Akang. Mun dibejakeun kitu mah Akang tangtu salamet, jeung diaku hade-hade ku maranehanana, da mandang ka Nyai."

¹⁴ Sanggeus anjeunna aya di jero wates Mesir, geureuhana ku urang dinya digeulis-geulis.

¹⁵ Aya sawatara ponggawa karaton anu narenjoeun kageulisanana, seug arunjukan ka raja yen aya istri geulisna kawanti-wanti. Tuluy Sarai diboyong ka karaton.

¹⁶ Abram ku raja diangken darehdeh ku karana Sarai, jeung dipaparin ganjaran, domba jeung embe, sapi, kalde, badega-badega, jeung onta.

¹⁷ Tapi raja nyandak Sarai teh ku PANGERAN diterapan panyawat pikapaureun pisan, urang karaton salianna oge nya kitu deui.

¹⁸ Seug raja ngutus ponggawa ka Abram. Kieu dawuhanana, "Ku naon maneh kitu peta ka kami? Ku naon henteu terus terang yen ieu teh bojo maneh?

¹⁹Ku naon diaku yen adi, nepi ka ku kami dipigarwa? Heh ieu pamajikan maneh tarima, tuluy ingkah!"

²⁰Raja marentah ka ponggawa, seug Abram digiring kaluar ti eta nagara, jeung geureuhana katut sagala kagunganana.

13¹Ti Mesir Abram angkatna ngaler ka pakidulan tanah Kanaan, geureuhana jeung sagala kagunganana dicandak, kitu deui Elut.

²Abram kacida beungharna, loba dombana, embena, sapina, kitu deui emas jeung perakna.

³Ti dinya majeng deui, majeng deui, ngajugjug ka Betel. Geus kitu sumping ka hiji tempat antara Betel jeung Ai urut anjeunna bareto ngadegkeun kemah

⁴jeung altar tea. Seug anjeunna di dinya ngabakti ka PANGERAN.

⁵Elut oge kagungan domba, embe jeung sapi, sarta kagungan baraya-baraya ku anjeun, jeung badega-badega.

⁶Ku sabab kitu, ari dipake ku duaan mah tanah pangangongan di dinya teh moal cukup, kawantu ingon-ingon masing-masing sakitu reana.

⁷Kajadianana, jelema-jelema anu ngurus ingon-ingon Abram jeung ingon-ingon Elut sok garelut bae. (Harita teh tanah masih dicicingan ku bangsa Kanaan jeung bangsa Pares.)

⁸Saur Abram ka Elut, "Urang teh jeung dulur. Jelema-jelema anu ngurus ingon-ingon hidep jeung anu ngurus ingon-ingon Uwa ulah nepi ka cekcok.

⁹Leuwih hade urang misah. Pek hidep rek milih tanah nu mana, terus misah ti Uwa. Mun hidep ngenca, Uwa ngatuhu, mun hidep ngatuhu, Uwa ngenca."

¹⁰Elut rarat-reret ka sakurilingna, breh katingalieun sakuliah Walungan Yordan ngembat manjang ka Soar, daerah sugih ku cai lir taman Allah atawa lir tanah Mesir. (Harita mah nagara Sadumu jeung Gomora acan diduruk ku PANGERAN.)

¹¹Seug Elut milih eta lebak Walungan Yordan, geus kitu bral ngalih ka beulah wetan, misah ti uwana.

¹²Abram mah tetep di tanah Kanaan. Ari Elut ngababakan di antara kota-kota di lebak nepi ka deukeut nagara Sadumu,

¹³anu jelema-jelemana jarahat, doraka ka PANGERAN.

¹⁴Sadikantunna ku Elut, PANGERAN ngadawuh ka Abram, "Cik, lieukan ti lebah maneh nangtung ka sakurilingna.

¹⁵Eta tanah sakurilingna ku Kami rek dibikeun ka maneh salalawasna, turun-tumurun.

¹⁶Turunan maneh ku Kami rek pohara dijembarkeunana, nepi ka lobana moal bisa

kaitung, sarua jeung lobana kekebul taneuh moal bisa kabilang.

¹⁷ Geura sadia, ideran eta tanah teh sakurilingna, sabab ku Kami rek diserenkeun kabeh ka maneh."

¹⁸ Sanggeus kitu Abram mindahkeun pakemahanana tuluy matuh di deukeut tatangkalan karamat tempat ibadah di Mamre deukeut Hebron, didinya anjeunna ngadegkeun altar haturan PANGERAN.

14 ¹Hiji mangsa, Amrapel raja di nagara Babilonia, Ariok raja nagara Elasar, Kedorlaomer raja nagara Elam, jeung Tidal raja nagara Goyim,

²perang ngalawan lima raja: Bera raja nagara Sadumu, Birsa raja nagara Gomora, Sinab raja nagara Admah, Semeber raja nagara Seboim, jeung raja ti nagara Bela atawa Soar.

³Ieu lima raja jadi sabeungkeutan, sarta natakeun balad-baladna di Lebak Sidim, anu kiwari mah disebut Laut Paeh.

⁴Tadina ieu lima raja teh taluk ka Raja Kedorlaomer, lilana dua belas taun. Ari dina katilu belas taunna tuluy barontak.

⁵Dina taun kaopatbelasna Raja Kedorlaomer sakancana mepek balad, terus ngelehkeun urang Repaim di Asterot Karnaim, urang Susim di tanah Ham, urang Emim di padataran Kiryataim,

⁶jeung urang Hor di pagunungan Edom, nepi ka El Paran anu pernahna di rarambu tanah gurun.

⁷Ti dinya terus balik deui ka Kades anu saterusna disebut En Mispat, ngelehkeun tanah urang Amalek sagemblengna, kitu deui ngelehkeun urang Emor anu araya di Hasason Tamar.

⁸Ti dinya raja-raja ti nagara Sadumu, Gomora, Admah, Seboim, jeung Bela mepek balad-baladna ka Lebak Sidim,

⁹ngalawan raja-raja Kedorlaomer ti Elam, Tidal ti nagara Goyim, Amrapel ti nagara Babilonia, jeung Ariok ti nagara Elasar. Lima ngalawan opat.

¹⁰Ari di Lebak Sidim teh loba pisan sumur-sumur aspal. Raja Sadumu jeung Gomora nyoba-nyoba arek kabur ti pangperangan, tapi tigalebrus kana sumur-sumur aspal tea. Nu tiluan kalabur ka pagunungan.

¹¹Raja-raja anu opat terus ngaranjah ka nagara Sadumu jeung Gomora, ngarampas sagala rupa katut bahan-bahan dahareun, terus marulang.

¹²Ari Elut suanna Abram milu kaboyong katut sagala kakayaanana, kawantu matuh deukeut Sadumu.

¹³Kabeneran aya anu bisa lolos saurang, bebeja ka Abram, urang Ibrani tea, anu aya di deukeut tatangkalan karamat tempat ibadah

milik Mamre, urang Emor, dulurna Eskol jeung Aner, anu geus ngahiji jeung Abram.

¹⁴ Barang Abram ngadangu yen suanna kaboyong, sakur jelema anu aya di pakemahanana dikumpulkeun, nya eta jelema anu ahli perang, lobana 318 urang, tuluy ngudag opat raja tea nepi ka kota Dan.

¹⁵ Di dieu dipencar jadi sababaraha barisan. Sanggeus peuting terus musuh ditempuh nepi ka eleh, dibeberik nepi ka Hoba kalereun Damsik.

¹⁶ Barang-barang anu dirampas ku musuh dicandakan deui. Kitu deui Elut katut sagala milikna jeung jelema-jelema nu sejenna deui awewe lalaki.

¹⁷ Satengahing mulih jurit tas ngelehkeun Raja Kedorlaomer saparakancana, Abram dipapag ku raja Sadumu di Lebak Sawe (katelah oge Lebak Raja).

¹⁸ Kitu deui Melkisidik, raja ti nagara Salem sarta jadi imam Allah Nu Maha Agung, mapag ka Abram ngahaturanan roti jeung anggur.

¹⁹ Anjeunna ngaberkahan ka Abram, pilahirna, "Mugi-mugi Abram ginanjar berkah Allah Nu Maha Agung, anu ngadamel bumi sareng langit.

²⁰ Sagala puji ka Allah Nu Maha Agung, anu parantos nyelehkeun eta musuh ka pangersa salira." Anjeunna ku Abram dihaturanan sapersapuluh tina barang-barang hasil perang.

²¹ Geus kitu raja Sadumu tea sasauran ka Abram, "Mugi anjeun kersa mulangkeun eta rahayat sim kuring. Dipi barang-barang mah mangga candak sadayana, sumeja ngahaturanan."

²² Waler Abram, "Sim kuring sumpah di payuneun PANGERAN, Allah Nu Maha Agung, anu ngadamel langit sareng bumi,

²³ hamo bade ngagaduh-gaduh kana barang-barang anjeun, benang salambar atanapi tali tarumpah sacewir oge moal, bisi engke saur anjeun: Aing geus ngabeungharkeun Abram.

²⁴ Sim kuring pribadi mah moal ngabantun naon-naon iwal ti anu parantos kaanggo ku balad. Nanging ieu mitra sim kuring tiluan, Aner, Eskol sareng Mamre, sawios sina ngabarantun bagianana."

15¹ Geus kitu PANGERAN ngandika ka Abram dina titingalan. Dawuhana-Na, "Tong sieun, Abram! Ieu Kami anu jadi kepeng maneh. Ganjaran pikeun maneh taya wiwilanganana."

² Abram ngawangsul, "Nun PANGERAN Nu Maha Agung, kangge naon ganjaran, da abdi teh teu gaduh anak. Ahli waris teh mung pun Elieser, urang Damsik tea.

³ Ku margi Gusti henteu maparin anak, rajakaya abdi baris ragragna teh tangtos ka salah sawios gandek abdi."

⁴Gentra PANGERAN kadangu deui, dawuhana-Na, "Lain eta nu baris jadi ahli waris teh, tapi anak maneh pituin."

⁵Ti dinya Abram ku PANGERAN dicandak ka luar. PANGERAN ngadawuh deui, "Cik tanggah ka langit, itung itu bentang ari bisa mah. Tah turunan maneh teh bakal sakitu lobana."

⁶Abram percanteneun kana dawuhana-Na. Sikep Abram kitu ku PANGERAN kamanah sarta katampi.

⁷PANGERAN ngadawuh deui, "Ieu Kami PANGERAN, anu nginditkeun maneh ti Ur di Babilonia, sangkan maneh narima ieu tanah Kami."

⁸Abram ngawangsul, "Nun PANGERAN Nu Maha Agung, kumaha abdi nya piterangeun, yen abdi baris ngamilik ieu tanah?"

⁹Dawuhan PANGERAN, "Kami pangnyokotkeun sapi bikang, embe bikang, jeung embe jalu anu umur tilu taunan hiji-hiji, tikukur hiji, japatihiji."

¹⁰Seug sato-sato anu ditataan teh ku Abram dicandak haturkeuneun ka Allah, terus dipeuncit dibeulah-beulah dua. Eta beulahan-beulahan dientep, diatur sina pahareup-hareup jeung pada beubeulahanana masing-masing. Tapi manukna mah teu dibeulah.

¹¹Ti dinya aya manuk-manuk nu sok ngahakan bangke tarurun, tapi ku Abram digebahan.

¹²Ari dina wanci surup panonpoe Abram kapulesan tibra naker, di dituna katarajang sieun anu pohara.

¹³Lajeng PANGERAN ngadawuh ka anjeunna, "Kanyahokeun! Turunan maneh baris jaradi jalma asing di nagara deungeun, di dituna bakal jaradi jalma anu diereh ku deungeun jeung dikaniaya, 400 taun lilana.

¹⁴Tapi bangsa anu nganiayana ku Kami baris dihukum. Sanggeus kitu turunan maneh baris kaluar ti eta nagara bari marawa rajabrama kacida lobana.

¹⁵Tapi maneh pribadi mah baris cukup nya umur, maot oge engke ari geus kolot kabina-bina, tur mulang kalawan senang.

¹⁶Turunan maneh anu baris marulang deui ka ieu tanah teh nya eta turunan anu kaopat. Nya harita bangsa Emor teh ku Kami baris dikaluarkeun, diusir, nya eta lamun kajahatan eta bangsa enggeus nepi ka jucungna."

¹⁷Geus kitu, sanggeus panonpoe surup pisan sarta geus poek, ujug-ujug breh aya parapen, haseupna ngebul, jeung aya obor hurung nyorang ka lebah sato-sato beunang ngabeulahan tea.

¹⁸Dina poe eta PANGERAN ngadamel hiji perjangjian jeung Abram, dawuhana-Na, "Kami jangji, rek mikeun ieu tanah pikeun turunan maneh, legana ti semet wates tanah Mesir nepi ka Walungan Eprat,

¹⁹ngurung tanah-tanah urang Keni, urang Kenas, urang Kadmoni,

²⁰urang Het, urang Pares, urang Repaim,

²¹urang Emor, urang Kanaan, urang Girgas jeung urang Yebus."

16 ¹Sarai garwa Abram tea, teu kagungan putra bae. Anjeunna kagungan emban, hiji wanita urang Mesir ngaran Hajar.

²Hiji mangsa Sarai sasauran ka Abram, "Abdi ku PANGERAN teu dikersakeun gaduh anak. Kumaha upami Akang ngarangkep sareng Hajar? Upami bae manehna ngajuru, budakna bade diaku ku abdi." Abram sapuk kana usul Sarai.

³Tuluy Hajar teh ku Sarai diserenkeun ka Abram sina ditikah. Eta kitu teh sanggeus Abram sapuluh taun ayana di Kanaan.

⁴Abram sapatemon jeung Hajar. Geus kitu Hajar teh ngandung. Barang ngarasa yen keur kakandungan, Hajar jadi unggah adat, malah ngahina ka Sarai.

⁵Ari Sarai nempuhkeun ka Abram, saurna, "Mana manehna wantun ngahina ka abdi ge Akang nu lepat. Hanas ku abdi diserenkeun ka Akang, ari heug nembe oge ngawitan kakandungan parantos wantun ngunghak ka abdi. Mugia PANGERAN anu jadi hakim, antawis urang duaan saha nu leres."

⁶Ari saur Abram, "Ari kitu mah ku Akang dipulangkeun deui bae ka Nyai. Rek dikitu rek dikieu kumaha Nyai, da tadina oge emban

Nyai." Ti dinya Hajar ku Sarai dikejeman nepi ka ahirna kabur.

⁷ Sanggeus nepi ka hiji cinyusu di gurun keusik deukeut jalan anu terus ka tanah Sur, Hajar ditepangan ku Malaikat PANGERAN.

⁸ Eta Malaikat sasauran kieu, "Hajar, emban Sarai, maneh ti mana jeung rek ka mana?" Hajar ngawangsul, "Abdi teh kabur ti juragan Sarai."

⁹ Saur Malaikat, "Balik deui ka ditu, kumawula deui ka Sarai."

¹⁰ Malaikat ngalahir deui, "Kami baris maparin ka maneh pirang-pirang lobana anak incu, nepi ka moal aya saurang oge anu bisa ngitung maranehna.

¹¹ Moal lila deui maneh baris ngalahirkeun budak lalaki; seug ngaranan Ismail, karana PANGERAN geus ngadangu panyambat maneh.

¹² Adat eta budak jagana lir ibarat kalde leuweung, ka saha-saha ngalawan, kitu deui tiap jalma baris ngalawan ka manehna. Hirupna baris mencil ti sakabeh babarayaanana."

¹³ Hajar nanya ka dirina, "Kutan ieu teh Anu Maha Tingali?" Seug pajenengan PANGERAN anu nemongan teh ku Hajar disebut "El Roi", hartosna "PANGERAN Nu Merhatoskeun".

¹⁴ Ari sumurna pada nyarebut "Sumur Lahai Roy", anu hartina "Cinyusu Anu Jumeneng

Anu Ningalieun ka Kuring", ayana di antara Kades jeung Bered.

¹⁵ Geus kitu Hajar ngalahirkeun hiji putra pikeun Abram. Seug ku Abram dijenenganan Ismail.

¹⁶ Yuswa Abram harita dalapan puluh genep taun.

17 ¹ Mangsa yuswa Abram salapan puluh salapan taun, PANGERAN nembongan deui sarta ngandika, "Ieu Kami, Allah Nu Maha Kawasa. Masing anut ka Kami ulah aya kuciwana.

² Kami rek meungkeut perjangjian jeung maneh. Turunan maneh baris loba."

³ Bruk Abram sujud nyium taneuh. Allah ngadawuh deui,

⁴ "Kieu perjangjian anu rek dibeungkeut jeung maneh teh: Kami jangji, maneh baris jadi karuhun bangsa-bangsa loba pisan.

⁵ Ti semet waktu ieu ngaran maneh lain Abram, tapi Ibrahim. Sabab ku Kami baris dijadikeun karuhun bangsa-bangsa loba pisan.

⁶ Turunan maneh baris pohara reana, malah aya nu baris jaradi raja. Pohara baris reana turunan maneh teh, nepi ka ngajadi bangsa-bangsa.

⁷ Ieu jangji ka maneh saanak incu nu baris gumelar, baris dipageuhan ngajadi perjangjian anu langgeng. Kami baris jadi

Allah maneh jeung Allahna turunan-turunan maneh.

⁸Ieu tanah, tempat maneh ayeuna ngumbara, baris dibikeun ka maneh jeung turunan-turunan maneh. Salegana tanah Kanaan baris milik maneh salalawasna, sarta Kami Allahna."

⁹PANGERAN ngandika deui, "Sabalikna maneh saanak incu nu bakal gumelar masing tuhu kana ieu perjangjian ti Kami, turun-tumurun.

¹⁰Maneh jeung sakumna turunan maneh anu lalaki kudu disunat.

¹¹Teu kaiwalkeun jalma-jalma anu karumawula ka maneh, boh anu asal lahir di maneh, boh anu beunang meuli ti nu sejen, kudu disarunatan.

¹²Ti semet ayeuna, sakur budak lalaki, umur dalapan poe kudu disunatan. Ieu hal pikeun nuduhkeun yen Kami jeung maneh geus nyieun perjangjian.

¹³Masing-masing kudu disunatan, pikeun ngajadi tanda dina awak, anu nuduhkeun langgengna perjangjian Kami ka maneh.

¹⁴Sakabeh lalaki nu teu disunatan moal dianggap umat Kami, sabab manehna geus cidra kana perjangjian Kami."

¹⁵Aya deui pangandika Allah ka Ibrahim, "Pamajikan maneh ulah disebut deui Sarai. Ngaranna ayeuna mah Sarah.

¹⁶Kami baris ngaberkahan, manehna baris ngajuru hiji budak lalaki anu baris dibikeun ku Kami ka maneh. Enya, Kami baris ngaberkahan Sarah, manehna baris jadi karuhun bangsa-bangsa. Di antara turunanana baris aya raja-raja."

¹⁷Bruk Ibrahim sujud nyium taneuh, tapi bari gumujeng, sabab ceuk manahna: "Karah jelema geus umur 100 taun rek boga anak? Sarah nu geus 90 taun, karaah baris anakan?"

¹⁸Tapi ari unjukanana mah kieu, "Disuhunkeun, mugi Ismail dipangraksakeun supados lulus mulus."

¹⁹Tapi Allah ngandika, "Lain kitu. Sarah pribadi, pamajikan maneh, baris ngandung anak maneh, lalaki. Ku maneh kudu dingaranan Ishak. Eta budakna kaasup kana perjangjian Kami, kitu deui turunan-turunanana, keur salalanggengna.

²⁰Pamenta maneh ngeunaan Ismail, ku Kami tangtu dimakbul. Ku Kami rek diberkahan. Satuluyna baris anak baranahan loba turunan. Baris jadi karuhun dua welas kapala kaom, ari turunanana ku Kami baris dijadikeun hiji bangsa nu gede.

²¹Ngeunaan anak maneh Ishak, anu baris lahir ti Sarah taun hareup kira-kira tepung waktu ieu, perjangjian Kami tetep moal barobah."

²²Sanggeus ngandika kitu, lajeng Allah angkat ngantun Ibrahim.

²³ Poe eta keneh, Ibrahim nyepitan putrana, Ismail. Kitu deui jelema-jelema anu karumawula, boh anu asal lahir di dinya, boh anu meunang ngagaleuh, cindekna sakur lalaki kabeh ku anjeunna disarunatan, tumut satimbalan Allah.

²⁴ Harita, waktu Ibrahim disepitan, yuswana geus 99 taun,

²⁵ ari Ismail putrana geus 13 taun.

²⁶ Ibrahim disepitanana sapoe reujeung jeung putrana,

²⁷ (17-26b) bareng jeung sakabeh jelema-jelema anu karumawula ka anjeunna.

18¹ PANGERAN sumping deui ka Ibrahim, liren di deukeut tatangkalan karamat tempat ibadah di Mamre. Harita Ibrahim keur calik, ngangin di palataran hareupeun panto kemah, kawantu poe keur papanasna.

² Ana cengkat, breh katingali di beulah ditu aya nu keur ngaradeg tiluan. Anjeunna terus nepangan mani gura-giru. Sanggeus pajonghok, anjeunna terus sujud kana taneuh,

³ bari sasauran, "Juragan-juragan mugi kersa sindang heula ka rorompok reureuh. Abdi sumeja ngalalayanan.

⁴ Saparantos wawasuh sampean, leleson di dieu handapeun tangkal.

⁵ Samemeh angkat taruang heula supados kiat salira. Ku margi Juragan-juragan sarumping teh ka dieu, tawis mihormat

ka sim abdi, abdi sumeja ngalalayanan." Tamu-tamu ngawaler, "Nuhun, katarima pisan."

⁶Ibrahim geuwat ka kemah, saurna ka Sarah, "Nyai, geuwat nyieun roti buleud. Tipungna anu pangalusna, kira-kira sakantong."

⁷Ti dinya geuwat indit ka tempat ingon-ingon, newak anak sapi anu keur meumeujeuhna tur lintuh, terus dipasrahkeun ka bujangna sina buru-buru direcah.

⁸Tamu-tamu dituangkeun, susuguhna: kiju, susu jeung daging. Sabot tamu-tamu taruang, anjeunna ngalalayanan teu jauh ti tamu, di handapeun tatangkalan tea.

⁹Geus kitu tamu teh mariksakeun Sarah, saurna, "Ari Sarah bojo maneh, aya?" Saur Ibrahim, "Aya, di lebet kemah."

¹⁰Saur tamu nu saurang, "Kami ngajangjian, salapan bulan deui Sarah bakal boga anak. Waktu eta Kami baris ka dieu deui." Eta kasauran tamu ku Sarah oge kadangueun, da keur aya di tukangeun panto.

¹¹Ibrahim jeung Sarah teh geus sarepuh pisan, sarta Sarah geus liren tina adat biasa istri.

¹²Ku sabab kitu Sarah teh gumujeng sajeroning batinna, saurna: "Aing anu geus kolot jeung pareot kieu, naha hayang keneh kitu kana kikituan? Salaki oge sarua geus kolot."

¹³Tapi PANGERAN ngadawuh ka Ibrahim, "Ku naon Sarah nyeungseurikeun, jeung nyebutkeun: Aing nu geus sakieu kolotna, baruk rek boga anak?

¹⁴Keur PANGERAN mah euweuh nu mustahil. Dina mangsana, salapan bulan deui, Kami baris ka dieu deui. Tangtu Sarah geus boga anak, lalaki."

¹⁵Ku sabab sieun, Sarah mungkir, saurna, "Da abdi mah henteu seuri." Diwaler ku PANGERAN, "Puguh enya, seuri."

¹⁶Ti dinya tamu teh angkat, ngabujeng hiji tempat anu ngemplong awas ka nagara Sadumu, dijajapkeun ku Ibrahim.

¹⁷PANGERAN ngalahir sajeroning manah: "Kami moal ngarasiahkeun ieu maksud ka Ibrahim.

¹⁸Turunanana pijadieun bangsa anu kuat, sarta sakabeh bangsa di bumi bakal marenta berkah Kami anu geus dibikeun ka Ibrahim.

¹⁹Manehna ku Kami geus diperih sangkan ngadidik anakna jeung turunan saterusna, sina ngestokeun parentah Kami, sangkan bener hirupna. Upama kitu, sangkan anu geus dijangjikeun ku Kami ka manehna bisa dilaksanakeun."

²⁰Geus kitu Mantenna ngadawuh, "Geus kacida poharana sora-sora anu rarumahuh ku karana nagara Sadumu jeung Gomora. Eta nagara geus kacida dorakana.

²¹ Kami rek turun ka dinya, hayang nyaho, naha sakur anu ku Kami kadenge teh enya atawa henteu. Ku Kami rek disidikkeun heula."

²² Ti dinya tamu nu dua angkat ka nagara Sadumu. Ari PANGERAN ngantos di dinya jeung Ibrahim.

²³ Ibrahim nyaketan ka PANGERAN, tumaros, "Leres kitu jalmi anu leres oge ku Gusti bade dibasmi, disamikeun sareng anu daroraka?

²⁴ Upami di eta nagara aya lima puluh urang anu teu aya kalepatanana, naha eta nagara teh ciros bae ditumpurkeun sama sakali? Kumaha ku Gusti moal dihapunten tina ngemutkeun ka lima puluh jalmi anu taya dosana?

²⁵ Tangtosna oge jalmi-jalmi anu taya kalepatanana mah ku Gusti moal ngiring dibasmi, moal disamarutkeun sareng nu daroraka. Ceuk raraosan mah mustahil! Tangtosna oge moal dugi ka kitu. Jalaran upami dugi ka kitu teh, atuh anu taya dosana oge sami bae ditumpurkeun sapertos anu jarahat. Piraku! Kapan anu jadi hakim sabumi teh kedah nyepeng hukum adil."

²⁶ PANGERAN ngawaler, "Upama aya lima puluh urang jalma hade di Sadumu, eta nagara hamo dibasmi, lantaran inget ka nu lima puluh."

²⁷ Ibrahim unjukan deui, "Hapunten, abdi kumawantun unjukan deui, Gusti. Rumaos

abdi teh ukur manusa, teu wenang nyanggem
kitu kieu.

²⁸ Nanging kumaha upami nu leres mung
opat puluh lima, sanes lima puluh, naha
eta nagara teh bade dibasmi bae, dumeh
kirang lima urang ti lima puluh?" PANGERAN
ngawaler, "Moal tulus, lantaran inget ka opat
puluh lima urang nu bener."

²⁹ Ibrahim miunjuk deui, "Kumaha upami
mung opat puluh?" Waler-Na, "Moal tulus,
lantaran inget ka nu opat puluh urang."

³⁰ Ibrahim, "Pamugi teu jadi bendu, Gusti,
abdi unjukan deui. Kumaha upami mung aya
tilu puluh?" Waler-Na, "Moal tulus najan ngan
aya tilu puluh oge."

³¹ Ibrahim, "Hapunten, abdi kumawantun
keneh. Kumaha upami mung aya dua puluh?"
Waler-Na, "Moal tulus dibasmi eta nagara teh,
najan nu benerna ngan dua puluh."

³² Piunjuk Ibrahim, "Nyanggakeun sewu-
sewu bebendu, abdi sumeja nyanggem sakali
ieu deui. Kumaha upami mung aya sapuluh
urang?" Mantenna ngawaler, "Moal tulus
dibasmina, sanajan ngan sapuluh urang."

³³ Sanggeus ngadawuh kitu ka Ibrahim,
PANGERAN lajeng jengkar, Ibrahim mulih ka
kemah.

19¹ Wanci sareupna, dua malaikat tea
geus sarumping ka Sadumu. Waktu eta
Elut keur calik-calik di gapura nagara, tempat
nu lalar liwat. Ningali aya nu sumping teh

geuwat cengkat tuluy mapagkeun. Anjeunna sujud payuneun tamu,

²tuluy miunjuk, "Juragan-juragan, mugi sindang ka rorompok, sim kuring sumeja ngalalayanan. Wengi ieu sae karulem di abdi bae, cai kanggo wawasuh sampean mah sayagi. Enjing nembe lajeng deui." Waler tamu, "Nuhun, kami mah rek meuting di alun-alun bae."

³Tapi bawaning ku dikeukeuhan, aranjeunna terus ngariring ka bumi Elut. Terus dituangkeun, katuanganana bangsa anu raraos.

⁴Barang tamu-tamu rek karulem, burubul urang Sadumu dararatang ngepung bumi Elut, mani pinuh, boh nu kolot boh nu ngora.

⁵Breng tinggorowok ka Elut, "Mana eta jelema-jelema anu keur meuting di dinya? Kaluarkeun, arek dijima ku kabehan!"

⁶Elut kaluar, panto ditutupkeun.

⁷"Dulur-dulur!" saurna. "Ulah kitu ka tatamu, teu hade.

⁸Kieu bae. Kuring boga anak awewe dua, parawan keneh. Pek bae rek dikitu rek dikieu oge, asal ulah ka tatamu. Tamu kuring eta teh, wajib ku kuring dibelaan."

⁹"Halik silaing, urang deungeun! Jadi naon di dinya teh wani-wani mamagahan ka kami? Halik, bisi beak disasaak!" ceuk maranehna bari ngadorong Elut, rek ngaruksak panto.

¹⁰ Geuwat Elut ku tamuna dibedol ka jero, pantona terus ditulakan.

¹¹ Ari jelema-jelema nu di laluar ku aranjeunna dijieun lalolong, sina talag-tolog teu bisa neangan panto.

¹² Saur tamu ka Elut, "Maneh boga baraya di dieu? Maneh kudu kaluar ti ieu nagara. Anak minantu, kitu deui baraya nu sejen-sejenna arajak.

¹³ Ieu nagara sakeudeung deui baris dibasmi ku kami. Rumahuhna jelema-jelema ku karana ieu nagara geus kadangu ku PANGERAN, sarta kami diutus ku Mantenna kudu ngabasmi ieu nagara."

¹⁴ Ti dinya Elut nepangan pimantueunana nu duaan, saurna, "Ujang, buru-buru urang kalaluar ti dieu, sabab ieu nagara sakeudeung deui rek dibasmi ku PANGERAN." Tapi ceuk pamikir pimantueunana tangtuna oge eta mah ukur lulucon.

¹⁵ Wanci subuh, malaikat ngageugeuwat ka Elut, saurna, "Buru-buru! Anak pamajikan bawa kaluar ti dieu, gancang, bisi kabawa cilaka jeung ieu nagara."

¹⁶ Tapi Elut kaleked pisan, tungtungna anjeunna saputra garwa dikekenyang dicandak kaluar ti jero nagara, bawuning ku watir-watirna PANGERAN ka anjeunna. Sanggeus aya di luareun nagara, terus ditilar.

¹⁷ Saur malaikat nu saurang ka Elut, samemeh nilarkeun, "Gancang ka ditu

lumpat, supaya salamet. Ulah nyoreang ka tukang, jeung ulah eureun di lebak. Kudu terus ka pagunungan, supaya teu milu musna."

¹⁸Tapi saur Elut, "Sanes kitu, Juragan!

¹⁹Leres Juragan teh sakitu mikarunya ka abdi. Juragan kalintang saena, kersa nyalametkeun ka abdi. Nanging pagunungan teh sakitu tebihna. Samemeh tepi ka ditu oge tangtos abdi-abdi paeh manten kaudag ku eta kacilakaan.

²⁰Kumaha upami ka kota nu itu bae, kota leutik? Ka dinya mah tangtos kabujeng da teu sabaraha tebihna. Ku Juragan ge katingali kotana alit. Widian ka dinya bae, supados abdi-abdi salamet."

²¹Walerna, "Heug. Eta kota ku kami moal milu dibasmi.

²²Geuwat, lumpat sing tarik! Kami moal waka bisa nanaon samemeh maneh nepi ka dinya." Ku sabab ku Elut disebut leutik, eta kota dingaranan Soar.

²³Wanci meletek panonpoe, Elut geus dugi ka Soar.

²⁴Ti dinya PANGERAN ngaragragkeun hujan walirang hurung ti langit, ka nagara Sadumu jeung Gomora.

²⁵Eta dua nagara katut salegana lebak ku PANGERAN dibasmi. Jelema-jelemana kitu deui sagala tutuwuhan di eta nagara katut daerahna beak teu aya nu ngari.

²⁶Ari istri Elut anggur ngalieuuk ka tukang, sarta harita keneh jleg bae ngajadi tihang uyah.

²⁷Poe isukna, poek keneh, Ibrahim gagancangan muru ka tempat kamari sasarengan jeung PANGERAN tea,

²⁸seja nempo Sadumu jeung Gomora kitu deui lebak. Ana breh teh salegana tanah mani mulek ku haseup, tingpeledug lir bijil tina liang pameuleuman anu pohara gedena.

²⁹Sajeroning Allah ngabasmi eta dua nagara katut tanah lebak lemparna, manahna tetep mikaemut ka Ibrahim, sarta ku karana eta Mantenna ngawidian Elut salamet kaluar ti dinya.

³⁰Ku sabab teu wantun cicing di Soar, Elut ngalih ka pagunungan jeung dua putrana, ngadon matuh di hiji guha.

³¹Hiji poe, ceuk putra nu kolot ka raina, "Ama geus sepuh. Heug di dieu taya pisan lalaki. Atuh urang teh moal aya anu ngawin cara galibna di dunya supaya boga anak.

³²Urang kieu bae: Ama urang sina mabok, sina ngagaulan ka urang, supaya ti Ama boga anak."

³³Peuting eta Elut ku putra-putrana dihaturanan leueuteun anggur nepi ka mabok, tuluy pagaul jeung putrana nu cikal. Tapi teu uningaeun yen kikituan jeung putrana, kawantu mabokna pohara.

³⁴ Poe isukna, ceuk nu cikal ka adina, "Tadi peuting, aceuk anu digarap ku Ama. Peuting engke giliran nyai. Amana urang sina mabok deui. Supaya urang pada-pada boga anak ti Ama."

³⁵ Tuluy ramana dimabokan deui, sarta peutingna Elut pagaul jeung putrana nu kadua. Tapi teu uningaeun yen kikituan, lantaran mabokna pohara deui bae.

³⁶ Ti dinya putrana duanana ngarandung ti ramana keneh.

³⁷ Anu cikal, anakna lalaki, dingaranan Moab, anu engkena jadi karuhun bangsa Moab kiwari.

³⁸ Ari adina, anakna sarua lalaki, dingaranan Ben Ami, anu engkena jadi karuhun bangsa Amon.

20¹ Ti Mamre Ibrahim ngalih ka daerah Kanaan beulah kidul, ngababakan antara Kades jeung Sur. Waktu anjeunna mukim di daerah Gerar,

²Sarah geureuhana ku anjeunna diangken yen raina. Atuh Sarah diboyong ka karaton ku Abimelek, raja tanah Gerar.

³Peutingna Allah nemongan ka eta raja dina impenan, sarta ngadawuh, "Maneh bakal paeh, sabab Sarah teh awewe boga salaki."

⁴Tapi harita Sarah teh ku raja acan di deukeutan. Anjeunna ngawaler kieu, "Naon margina abdi sareng bangsa abdi kedah binasa, da teu gaduh kalepatan naon-naon?"

⁵Saur Ibrahim eta teh raina. Sanggem Sarah nya kitu, majar Ibrahim teh rakana. Niat abdi estu beresih, jadi asa teu aya lepatna."

⁶Allah ngawaler, "Enya Kami ge nyaho niat maneh teh beresih; pang ku Kami dicegah ulah ngaganggu Sarah oge supaya maneh ulah nepi ka nyieun dosa ka Kami.

⁷Pulangkeun deui ka salakina. Salakina teh nabi, tangtu baris mangnedakeun hampura pikeun maneh, supaya ulah tulus paeh. Lamun henteu dipulangkeun, maneh sakulawedet tangtu paeh."

⁸Isukna isuk-isuk pisan Abimelek ngempelkeun para pongawa, nyarioskeun hal eta. Maranehna kacida sarieuneunana.

⁹Ti dinya Abimelek nyaur Ibrahim, sarta saurna, "Ku naon anjeun mana kitu? Lepat naon sim kuring ka salira, nepi ka sim kuring katut rahayat sanagara nandangan musibat? Nu sanes mah moal aya nu wantun kitu ka sim kuring, sapertos salira.

¹⁰Cobi, naon margina?"

¹¹Waler Ibrahim, "Lantaran panyangka sim kuring teh sieun di dieu mah taya nu sieun ka Allah, ana heug urang dieu harayangeun ka pun bojo, heug bae sim kuring pada maehan.

¹²Nanging leres pun bojo teh adi, sabapa mung misah indung, nu matak ku sim kuring ditikah.

¹³Kitu nu mawi, waktos Allah nimbalan sim kuring kedah ngantunkeun babakan pun

bapa ngumbara ka nagri sanes, pun bojo teh ku sim kuring sok dipesen kieu, Nyai sing bela ka Akang, di mana bae oge Nyai kudu nyebutkeun yen Akang teh lanceuk."

¹⁴Ti dinya Sarah ku Abimelek dipulangkeun ka Ibrahim, malah bari ditambahan ku domba, sapi jeung jelema-jelema purah kumawula.

¹⁵Saurna ka Ibrahim, "Saena mah tetep-tetep bae sareng urang dieu. Tanah mah kantun milih nu mana copna, da sugri nu katingali ku salira teh sadayana oge tanah gagaduhan."

¹⁶Ari saurna ka Sarah, "Sim kuring ngahaturanan ka tuang raka sarebu uang perak, kanggo panyecep ka sugri anu reureujeungan sareng Nyai, sina nyakseni yen salira taya kuciwa."

¹⁷Geus kitu Ibrahim mangnedakeun Abimelek ka Allah. Seug Abimelek jeung geureuhana ku Allah dicageurkeun, sina iasa puputra sakumaha mistina.

¹⁸Satadina PANGERAN geus mepet kandungan wanita-wanita saeus bumi Abimelek dumeh Abimelek midamel kitu ka Sarah geureuhana Ibrahim.

21 ¹PANGERAN netepan jangji-Na ka Sarah.

²Sarah bobot terus ngabarkeun putra pameget ti Ibrahim, waktu Ibrahim geus

sepuh pisan. Ari dilahirkeunana cocog dina waktu anu geus didawuhkeun ku Allah.

³ Ku Ibrahim dijenengnan Ishak.

⁴ Sanggeus yuswa dalapan poe, murangkalih ku Ibrahim disepitan numutkeun timbalan Allah tea.

⁵ Yuswa Ibrahim waktu Ishak lahir saratus taun.

⁶ Sarah sasauran sorangan, "Aing ku Allah dipaparin kabungahan, tapi pikaseurieun. Sarerea oge mun ngadenge ieu kajadian tangtu sareuri kawas aing."

⁷ Saurna deui, "Bareto mah saha nu rek amang-omong ka Ibrahim yen Sarah bakal nyusuan anak sorangan? Tapi ayeuna, waktu Ibrahim geus sakitu sepuhna, geuning aing bisa boga anak, heug budak teh lalaki deuih."

⁸ Murangkalih beuki ageung. Sanggeus waktuna disapih, ku Ibrahim dipestakeun, hajat gede.

⁹ Dina hiji poe, Ismail putra ti Hajar urang Mesir, ameng jeung Ishak putra ti Sarah.

¹⁰ Ana katingali ku Sarah, seug Sarah sasauran ka Ibrahim, "Hajar teh sareng anakna tundung bae. Anakna ulah dipasihan warisan naon-naon. Ka anak abdikeun sadayana, warisan mah."

¹¹ Atuh Ibrahim pohara ngungun manahna, kawantu Ismail oge putra.

¹² Tapi aya pangandika Allah ka Ibrahim, "Hajar jeung anakna teu kudu dipake

susah. Pamenta Sarah turutkeun bae. Sabab memangna oge nya Ishak anu baris ngarundaykeun turunan anu ku Kami disebut dina perjangjian Kami teh.

¹³Tapi budak anu ti Hajar oge ku Kami tangtu dibere turunan nu rendey, malah baris jadi hiji bangsa, da eta oge anak maneh."

¹⁴Isukna isuk-isuk keneh Ibrahim nyayagikeun roti jeung cai sakimpul dipaparinkeun ka Hajar. Ismail ku anjeunna dipangkon tuluy disina dipunggu ku Hajar sarta Hajar dijurung laku. Hajar miang, satuluyna kasasar di tanah gurun Bersyeba.

¹⁵Barang cai bekelna geus beak pisan, sot Hajar ngecagkeun Ismail di handapeun hiji rungkun, tuluy leumpang ngajauhan.

¹⁶Sanggeus jauhna kira-kira sapamaledog, brek bae diuk bari ngomong sajeroning batinna: "Aing moal kuat nenjo anak paeh." Segruk bae Hajar teh ceurik.

¹⁷Eta budak teh ceurik sarta kadangu ku Allah. Lajeng malaikat PANGERAN ti langit ngagentaan ka Hajar, saurna, "Ku naon Hajar nalangsa? Ulah susah-susah. Allah geus ngadangu ceurikna eta budak.

¹⁸Geura cengkat, pangku budak teh, combo. Eta budak rek dijadikeun hiji bangsa gede."

¹⁹Ku karana Allah, bray panon Hajar jadi awas, breh ningal aya hiji cinyusu. Geuwat Hajar nyiuk cai kana kimpul, terus murangkalih teh diinuman.

²⁰Eta murangkalih ditangtayungan ku Allah nepi ka sawawa, hirup matuh di tanah gurun Paran, jadi paninggaran anu ahli.

²¹Ku ibuna dijodokeun ka hiji mojang ti Mesir.

²²Geus kitu Abimelek nepangan ka Ibrahim, disarengan ku Pikol, panglima angkatan perangna, seug sasauran ka Ibrahim, "Sugri anu dipidamel ku salira, kenging berkah ti Allah.

²³Kitu nu mawi, disuhunkeun supados salira jangji kalayan sumpah demi Allah yen moal midamel curang ka sim kuring, ka anak-anak sareng incu buyut sim kuring. Sim kuring parantos nawiskeun persetya ka salira. Salira oge mugi nawiskeun persetya ka sim kuring sareng ka ieu tanah tempat salira ngumbara."

²⁴Seug Ibrahim sumpah, "Sim kuring jangji."

²⁵Geus kitu Ibrahim ngagugat perkara hiji sumur anu direbut ku ponggawa-ponggawa Abimelek.

²⁶Waler Abimelek, "Sim kuring teu terang yen aya perkawis kitu. Nembe nguping ayeuna da tadi-tadina henteu wawartos."

²⁷Ti dinya Ibrahim nyandak domba jeung sapi sababaraha sele, diserenkeun ka Abimelek. Terus aranjeunna meungkeut hiji perjangjian.

²⁸Ibrahim misahkeun deui tujuh sele domba kagunganana.

²⁹ Ku Abimelek ditaros, "Dipi eta kanggo naon?"

³⁰ Waler Ibrahim, "Ieu anak domba tujuh sele mugi ditampi ku salira, kanggo tawis yen salira teu kaabotan ku perkawis eta sumur, yen sim kuring anu ngalina."

³¹ Ku kituna eta sumur pada nyarebut Bersyeba, dumeh eta dua jalmi pada meungkeut sumpah di dinya.

³² Sanggeus mareungkeut perjangjian di Bersyeba, Abimelek jeung Pikol panglima angkatan perangna marulih deui ka tanah Pelisti.

³³ Ari Ibrahim di Bersyeba ceb melak hiji tangkal korma, nya ti mangsa harita, eta tempat dipake nyambat pajenengan PANGERAN, Allah Nu Maha Langgeng.

³⁴ Ibrahim lila pisan matuhna di eta tanah Pelisti.

22 ¹Hiji mangsa Allah nguji ka Ibrahim, timbalana-Na, "Ibrahim!" Ibrahim ngawaler, "Nun, aya pikersaeun naon?"

²Timbalan Allah, "Anak kadeudeuh maneh anu ngan hiji-hijina, Ishak, bawa ka tanah Moria. Kurbankeun ku maneh ka ditu, duruk di hiji gunung anu ku Kami baris dituduhkeun."

³Isukna, isuk-isuk pisan Ibrahim nyelaan kalde, meulahan suluh keur engke ngaduruk kurban. Bral angkat, nyandak Ishak jeung badega duaan, ngajugjug tempat anu dimaksad ku PANGERAN.

⁴Nincak kana poe katiluna, tempat anu dijugjug teh geus tempong celak-celak.

⁵Ibrahim ngalahir ka badegana, "Maraneh mah ngadaragoan di dieu bae, tungguan kalde. Kami jeung si Encep rek terus ka ditu, rek ngalampahkeun ibadah. Engke ge balik deui ka dieu."

⁶Ishak ku anjeunna dipiwarang manggul suluh nu rek dipake ngaduruk kurban. Ibrahim ku anjeun ngajingjing gobang jeung areng ruhay, bral deui arangkat paduduaan.

⁷Teu lila pok Ishak unjukan, "Ama!" Diwaler, "Naon Ujang?" Ishak, "Suluh nyandak, seuneu nyandak, dupi domba pikurbaneunana mana?"

⁸Ibrahim ngawaler, "Enung, eta engke disayagikeun ku Allah ku manten." Ketruck arangkat deui paduduaan.

⁹Sumping ka tempat anu dimaksad ku PANGERAN, Ibrahim ngadegkeun altar, terus suluhna ditumpukkeun di dinya. Reketek putrana diborogod, sok digolerkeun dina tumpukan suluh luhureun altar.

¹⁰Kek Ibrahim kana gobang, seja meuncit putrana.

¹¹Sabot kitu, ngeng aya gentra malaikat PANGERAN ti langit, "Ibrahim, Ibrahim!" Anjeunna ngawaler, "Nun, ieu abdi!"

¹²Gentra, "Ulah dipaehan budak teh, ulah digunasika! Ayeuna Kami nyaho, maneh sakitu nurutna ka Allah. Anak ngan-

sasaki-sikina dipenta ku Kami, ku maneh teu dikoretkeun."

¹³ Barang Ibrahim ngareret ka gigir, bet ningali aya domba jalu, tandukna kagubed ku areuy-areuyan. Tuluy ditewak, dipeuncit sarta diduruk dijieun kurban, gaganti putrana.

¹⁴ Ti dinya eta tempat ku Ibrahim disebut "PANGERAN Nu Nyayagikeun". Nepi ka kiwari oge disarebutna teh "Di Gunung PANGERAN Mantenna Nyayagikeun".

¹⁵ Malaikat PANGERAN ti langit ngagentaan deui ka Ibrahim,

¹⁶ "Kieu timbalan PANGERAN: Ku sabab maneh geus sakitu nurutna, nepi ka teu ngoretkeun anak anu ngan sasaki-sikina dipenta ku Kami,

¹⁷ Kami jangji, Kami seja mere berkah tanpa wilangan. Seja ngarundaykeun turunan maneh, lobana lir bentang-bentang di langit, lir keusik di basisir. Turunan maneh baris mampuh nundung musuh-musuh.

¹⁸ Bangsa-bangsa saalam dunya baris mareunang berkah ku lantaran turunan maneh, sabab maneh tuhu kana parentah Kami."

¹⁹ Geus kitu Ibrahim nepangan badegana, tuluy bareng mulih ka babakanana di Bersyeba.

²⁰ Hiji mangsa sanggeus kajadian di Gunung Moria tea, Ibrahim kenging wartos, yen

Nahor, raina kagungan putra dalapan urang ti Milka, garwana.

²¹ Us cikalna, terus nungturun: Bus, Kemuel bapana Aram,

²² Kesed, Haso, Pildas, Yidlap jeung Betuel,

²³ ramana Rabeka tea. Milka ngowokeun putra-putra dalapan urang lalaki ti Nahor carogena, saderekna Ibrahim.

²⁴ Ari putra-putra ti garwa anu kadua, Ruma, nya eta: Tebah, Gaham, Tahas jeung Maaka.

23 ¹Sanggeus Sarah yuswana 127 taun,

²Sarah pupus di Hebron di tanah Kanaan. Ibrahim anu dikantun, midangdam taya hinggana, lajeng sasayagian keur ngurebkeun.

³Layon ku anjeunna dikantun nepangan heula urang Het anu maratuh di dinya.

Saurna,

⁴"Dulur-dulur, sim kuring teh kawantu anu ngumbara, padumukan oge teu acan jinek. Ayeuna butuh lahan keur nguburkeun pun bojo. Kumaha upami meser ti dulur-dulur?"

⁵Jawab maranehna,

⁶"Kieu eta mah, Juragan! Juragan teh kapala anu kawasa di dieu. Atuh sumangga tuang geureuha teh kurebkeun di salah sawios makam milik anu utami di dieu. Saurang ge moal aya nu kaabotan makam milikna dianggo keur ngurebkeun tuang geureuha."

⁷Ibrahim dongko hormat ka maranehanana

⁸sarta ngalahir, "Upami leres rarido sim kuring nguburkeun pun bojo di dieu, pangmundutkeun ka Epron, putra Sohar,

⁹supados Guha Makpela kagunganana anu di sisi humana tea diical ka sim kuring. Bade dipeser sapangaosna kalayan disaksian ku aranjeun, supados eta pamakaman teh sah kagaduhanana ku sim kuring."

¹⁰Ari Epron harita keur ngariung jeung urang Het di gapura kota. Pok Epron nyarita ka Ibrahim, kadenge ku sakur anu araya di dinya,

¹¹"Kaom sim kuring jaradi saksi yen eta huma katut guhana, ku sim kuring disanggakeun sangkan Juragan tiasa ngurebkeun tuang bojo."

¹²Ibrahim dongko ka hareupeun urang dinya,

¹³pok ngawaler ka Epron, kadarenge ku sarerea, saurna, "Hatur nuhun kana kasaean Saderek. Nanging ku sim kuring tetep bade dipeser, sadayana. Pun bojo bade dikuburkeun di dinya. Mangga ieu pameseranana ditampi."

¹⁴Walon Epron,

¹⁵"Kitu oge sae. Nanging da tanah mung sacangkewok, sayaktosna kanggo urang naon hartosna. Mangga tuang geureuha teh kurebkeun di dinya. Dupi pangaosna mah 400 uang perak."

¹⁶Ibrahim rujuk. Bari disaksian ku bani Het anu araya di dinya, perak keur mayarna terus ditimbang ku timbangan anu sah diparake ku para sudagar, jumlahna 400 uang perak sakumaha pamenta Epron.

¹⁷Ti dinya, eta lahan Epron anu di Makpela wetaneun Mamre teh geus sah jadi milik Ibrahim katut guhana, malah katut tatangkalanana, nepi ka tungtung-tungtung wawatesanana.

¹⁸Ku bani Het geus diaraku kalawan sah, yen eta lahan teh geus jadi milik Ibrahim.

¹⁹Ti dinya Ibrahim ngurebkeun Sarah geureuhana di eta guha di tanah Kanaan.

²⁰Jadi eta tanah anu tadina milik urang Het, ayeuna geus sah jadi milik Ibrahim, dianggo tanah makam.

24 ¹Ibrahim geus kacida sepuhna. Sagala lampah hirupna ku Allah diberkahan.

²Dina hiji poe ngalahir ka badega pangkolotna, purah ngurus kakayaan anjeunna, "Pernahkeun leungeun maneh ka antara tetepokan kami.

³Kudu sumpah demi PANGERAN, Allah nu kagungan langit jeung bumi, yen keur pijodoeun anak kami maneh moal neangan awewe urang dieu, urang Kanaan.

⁴Teangan pijodoeun anak kami Ishak ti lebah babarayaan kami di tanah asal kami. Jadi maneh kudu ka ditu."

⁵ Badega ngawangsul, "Kumaha upami piistrieunana teu kersaeun dicandak, hoyongeun tetep di ditu? Naha tuang putra kedah ka ditu ka tanah asal Juragan?"

⁶ Waler Ibrahim, "Ulah! Kahade, anak kami ulah dibawa ka ditu!"

⁷ PANGERAN, Allah nu kagungan langit, nginditkeun kami ti lingkungan bapa jeung baraya. Mantenna geus jangji ka kami nganggo sumpah, baris masrahkeun ieu tanah keur turunan kami. Mantenna baris ngutus malaikat-Na nuyun ka maneh, sangkan hasil meunangkeun pijodeun anak kami.

⁸ Saupama pijodeunana embungeun milu, maneh geus henteu kabeungkeut ku jangji. Pokona mah anak kami ulah nepi ka kudu ka ditu."

⁹ Seug badega teh mernahkeun leungeunna ka antara tetepokan Ibrahim dununganana, tuluy sumpah seja tuhu kana pamundut.

¹⁰ Ti dinya nyadiakeun onta sapuluh anu dununganana, kitu deui barang-barang nu aralus. Bral miang ka nagara tempat Nahor jenatna di Mesopotami.

¹¹ Sanggeus nepi ka nu dijugjug, seug ngareureuh deukeut hiji sumur luareun kota. Pasosore awewe urang dinya rabul rek ngarala cai.

¹² Badega teh seug neneda, "Nun PANGERAN, Allah juragan Ibrahim. Mugi

abdi dinten ieu ditepangkeun sareng anu nuju dipilari. Mugi Gusti emut kana jangji ka dunungan abdi.

¹³ Abdi sumeja ngantos dongkapna barudak awewe ti kota ngarala cai ka dieu,

¹⁴ bade nyanggem ka salah saurang: Cik nyuhunkeun caina, Bapa halabhab. Upami wangsulanana: Mangga, malah onta-onta oge urang inuman, nya manehna anu ku Gusti kamanah baris pijodoeun juragan Ishak. Eta jadi tawis pikeun abdi, yen jangji Gusti ka dunungan abdi tetep pageuh."

¹⁵ Sabot manehna neneda keneh, jol aya hiji mojang nyuhun buyung wadah cai. Eta mojang teh Rabeka putra Betuel, putuna Milka garwa Nahor raina Ibrahim.

¹⁶ Rupana teuing ku geulis jeung parawan keneh. Jut turun ka sisi sumur ngeusian buyung, cat unggah deui.

¹⁷ Badega nyampeurkeun, pok ngomong, "Cik nyuhunkeun caina, Bapa halabhab."

¹⁸ Ari wangsulanana, "Mangga bade ngaleueut mah," bari buru-buru nyangkeh buyung di dengdekkeun. Regot manehna nginum.

¹⁹ Geus kitu eta mojang teh ngomong, "Onta-onta oge sae urang inuman. Keun caina ku abdi dipangalakeun."

²⁰ Cai tina buyung dicicikeun kana panginuman nepi ka kosong, terus lumpat

ngeusian deui. Kitu jeung kitu bae, nepi ka onta-onta kabeh ngarinum.

²¹ Manehna bati bengong, ngawaskeun barina repeh, hayang nyaho, naha pamaksudanana teh baris diluluskeun ku PANGERAN atawa moal.

²² Geus kitu manehna ngaluuarkeun anting emas jeung geulang emas sapasang, seug diterapkeun ka nyi mojang.

²³ Pok nanya, "Eulis putra saha? Bapa hayang terang. Kumaha kinten-kintenna tuang rama kersaeun nampi Bapa sabatur-batur ngadon mondok barang sawengi?"

²⁴ Ari wangsulanana, "Abdi putra Betuel, putu Eyang Nahor sareng Eyang Milka.

²⁵ Kantenan di rorompok aya tempat. Jarami sareng parab onta oge sayagi."

²⁶ Badega teh terus sujud, muji sukur ka PANGERAN.

²⁷ Ari kedalna, "Sagala puji kagungan PANGERAN, Allah panutanana juragan Ibrahim. Mantenna satia nyepeng jangji-Na ka dunungan sim abdi. PANGERAN parantos nuyun sim abdi, nuduhkeun jalan ka bumi saderekna dunungan sim abdi."

²⁸ Ari nyi mojang lumpat ka bumi, seug wawartos ka ibuna.

²⁹ (24: 29-30) Cacariosna kadangu ku raina, Laban, malah katingalieun yen nganggo anting emas jeung geulang emas, raina terus lumpat, seja neang jelema anu dicarioskeun

tea. Kasampak keur nangtung deukeut onta-onta sisi sumur.

³⁰(24: 29)

³¹Saur Laban, "Haturan Bapa, nu diberkahan ku PANGERAN! Ku naon linggih di dieu bae, sanes teras ka ditu. Mangga urang sareng ka rorompok, tempat parantos sayagi, kangege onta oge aya."

³²Badega teh terus milu. Sanggeus tepi onta-onta ku Laban dicuculan, diberean jarami jeung parab. Geus kitu disadiakeun cai keur eta badega Ibrahim sabatur-batur kukumbah suku.

³³Barang disina dalahar, manehna unjukan, "Nyuhunkeun widi, sateuacanna neda bade aya pisanggemeun heula." Saur Laban, "Mangga saurkeun bae."

³⁴"Sim kuring teh badegana juragan Ibrahim," pokna.

³⁵"Anjeunna ku PANGERAN dikersakeun kalintang beungharna sareng mulyana. Ingon-ingonna teu kinten seueurna, domba, embe, sapi, onta, kalde, kitu deui emas perak sareng badega-badega awewe lalaki.

³⁶Ti geureuhana, juragan Sarah tea, kenging putra pameget hiji. Dibabarkeunana saparantos juragan istri kalintang sepuhna. Ku ramana dipukpruk-pukpruk, sagala dipasihan.

³⁷Sim kuring ku juragan pameget diperih kedah milarian pijodoeun putrana. Saurna:

Maneh kudu sumpah heula yen moal neangan parawan urang Kanaan.

³⁸Anak kami kudu dipangneangankeun jodo ti rerehan bapa kami, ti lebah baraya-baraya kami di tanah asal kami. Upama lain ti ditu, maneh sing ulah jamuga.

³⁹Sanggem sim kuring, Kumaha upami piistrieunana teu kersaeun ngiring?

⁴⁰Waler juragan: PANGERAN, anu dibakti ku kami, baris ngutus malaikat-Na nuyun jeung nulung ka maneh, sangkan gawe maneh hasil. Tangtu maneh bakal manggih eta pijodoeun anak kami ti rerehan bapa kami, ti lebah wargi-wargina.

⁴¹Upama ieu pamenta kami diestokeun, maneh moal tulus keuna ku supata kami. Kitu deui upama usaha maneh ku baraya kami teu ditarima, maneh bebas tina eta supata.

⁴²Tadi sadongkapna ka sisi sumur, sim kuring neneda kieu, Nun PANGERAN, Allah Ibrahim dunungan abdi, mugi kersa ngalaksanakeun ieu ihtar.

⁴³Abdi sumeja ngantos di dieu di sisi sumur. Upami aya mojang anu dongkap rek ngala cai, abdi bade nyuhunkeun nginum tina buyungna.

⁴⁴Upami masihan, sarta ka onta-onta oge mangbantunkeun cai, mugi nya eta tawisna anu ku Gusti dipilih kangge pijodoeun putra dunungan sim abdi.

⁴⁵ Sabot sim kuring neneda jeroning ati, euis Rabeka sumping bari munggu buyung, teras ka sisi sumur ngala cai. Sanggem sim kuring ka anjeunna: Cik Bapa pasihan caina.

⁴⁶ Anjeunna enggal nurunkeun buyung, sarta saurna: Mangga bade ngaleueut mah, malah onta-onta ge urang inuman. Rot sim kuring nginum, ari anjeunna teras nginuman onta-onta.

⁴⁷ Sanggem sim kuring: Euis putra saha? Walerna: Abdi putra Betuel, putu eyang Nahor sareng eyang Milka. Ti dinya sim kuring ngabantun anting emas sareng geulang emas, dianggokeun ka anjeunna.

⁴⁸ Saparantos kitu sim kuring sideku muji sukur ka PANGERAN, Allahna juragan Ibrahim, wireh Mantenna parantos kersa maparin jalan pitepangeun sareng saderekna juragan Ibrahim, ditepangkeun sareng putrana nu istri, keur pigarwaeun putrana.

⁴⁹ Ku margi kitu, sim kuring nyuhunkeun katangtosan. Upami eta kapalay juragan sim kuring karujukan, atuh sumangga surkeun. Henteu bae karujukan, surkeun keneh, supados puguh cekeleun sim kuring."

⁵⁰ Waler Laban jeung Betuel, "Ku margi ieu teh pangersa PANGERAN, piraku kedah ditolak.

⁵¹ Mangga Rabeka candak ka ditu, tikahkeun ka putra dunungan anjeun, sakumaha timbalan PANGERAN tea."

⁵² Sanggeus aya ikrar kitu ti pribumi, brek badega Ibrahim teh sujud, sumembah ka PANGERAN.

⁵³ Geus kitu ngaluar-luarkeun perhiasan tina emas jeung perak jeung anggoan-anggoan, keur Rabeka. Saderekna jeung ibuna karenging tawis kagegelan.

⁵⁴ Sanggeus kitu kakara eta badega sabatur-batur teh dalahar nginum. Terus marondok. Isukna sanggeus harudang, manehna menta amit ka pribumi yen: "Bade wangsul ayeuna."

⁵⁵ Walon ibu jeung saderekna Rabeka, "Ulah waka ayeuna. Engke bae saminggu deui atanapi sapuluh dinten, nembe pun anak candak ka ditu."

⁵⁶ Ari jawabna, "Moal tiasa. PANGERAN parantos ngaberkaahan perjalanan sim kuring dugi ka hasil anu diseja. Jadi ayeuna kedah enggal-enggal ngadeuheus ka dunungan."

⁵⁷ Ceuk pribumi, "Urang saur heula bae Rabekana. Keun kumaha manehna."

⁵⁸ Rabeka disaur seug dipariksa, "Daek ngiring ka ditu?" Wangsulanana, "Ngiringan."

⁵⁹ Karujukan ku saderek-saderekna, Rabeka dijurungkeun, dibarengan ku pangasuhna, sina dibawa ku eta badega sabatur-batur,

⁶⁰ bari pada ngadoakeun kieu, "Didoakeun sing jadi ibu ti mangrebu-rebu! Turunanana sing bisa ngarebut nagara musuh-musuhna!"

⁶¹ Sanggeus sagala tarapti, Rabeka jeung para inangna dicandak kana onta, terus ngiring ka ditu ngantunkeun lembur.

⁶² Ishak anyar sumping ka lebah Sumur Lahai-Roy, anu hartina "Cinyusu Anu Jumeneng Anu Ningalieun ka Kuring".

⁶³ Isuk-isuk keneh pisan, waktu keur ngalanglangan huma, anjeunna ningali aleutan onta.

⁶⁴ Rabeka oge geus awaseun ka Ishak, tuluy turun tina onta,

⁶⁵ sarta mariksakeun ka badega, "Saha itu pameget anu nuju ka dieukeun?" Ceuk badega, "Juragan anom." Top Rabeka kana tiungna terus dicindungkeun.

⁶⁶ Ti dinya badega teh ngunjukkeun sagala lalakonna ka Ishak.

⁶⁷ Rabeka ku anjeunna dicandak ka kemah, satuluyna ditikah, kacida dipikacintana. Ku kituna Ishak teh manahna kabangbalerkeun, henteu cumantel teuing ka ibuna nu geus teu aya.

25¹ Ari Ibrahim nikah deui. Garwa nu ayeuna Keturah.

² Ngababarkeun: Simran, Yoksan, Medan, Midian, Isbak jeung Suah.

³ Yoksan puputra Syeba jeung Dedan. Ari putra-putra Dedan nya eta: urang Asur, urang Letus jeung urang Leum.

⁴ Midian puputra Epa, Eper, Hanok, Habida jeung Eldaa. Sakitu turunan anjeunna ti Keturah.

⁵ Ibrahim ngahibahkeun sagala kakayaanana ka Ishak.

⁶ Tapi samemeh anjeunna pupus, putra-putra ti garwa nu lianna oge dipaparin bagian. Sanggeus mareunang bagian ku anjeunna dijarurung laku ka tanah wetan, sina jarauh ti Ishak.

⁷ Ibrahim yuswana nepi ka 175 taun.

⁸ Jadi pupusna teh sanggeus sepuh pisan.

⁹ Ku Ishak jeung Ismail dikurebkeun di Guha Makpela, anu pernahna di hiji lahan wetaneun Mamre, bogana Epron bin Sohar, urang Het.

¹⁰ Eta lahan ku Ibrahim geus digaleuh ti urang Het. Nya di dinya anjeunna dikurebkeunana. Sarah oge, geureuhana, dikurebkeunana teh di dinya.

¹¹ Sadikantunna ku Ibrahim, Ishak diberkahan ku Allah, matuhna deukeut Sumur Lahai Roy.

¹² Ari Ismail, putra Ibrahim ti Hajar urang Mesir, embanna Sarah tea,

¹³ kagungan sababaraha putra lalaki. Ieu ngaran-ngaranna, nurutkeun parelean umurna: Nebayot, Kedar, Adbel, Mibsam,

¹⁴ Misma, Duma, Masa,

¹⁵ Hadad, Tema, Yetur, Napis jeung Kedma.

¹⁶ Aranjeunna jaradi karuhun ti dua belas kaom, sarta ngaran-ngaranna diparake

ngaran-ngaran pakampungan-pakampungan
jeung tempat-tempat pakemahanana.

¹⁷ Ari Ismail yuswana 137 taun, tuluy pupus.

¹⁸ Turunan anjeunna hirupna di wewengkon
antara Hawila jeung Sur, wetaneun Mesir,
sapanjang jalan anu brasna ka tanah Asur.
Harirupna misah ti nu jadi dulur.

¹⁹ Ieu lalakon Ishak putra Ibrahim.

²⁰ Nikahna dina yuswa opat puluh taun,
ka Rabeka putra Betuel urang Aram ti
Mesopotami, saderekna Laban.

²¹ Ku sabab garwana henteu bae kagungan
putra, ku anjeunna dipangnedakeun ka
PANGERAN. Panedana dikabul, Rabeka bobot,

²² bobotna kembar. Waktu keur dikandungna
keneh, eta dua sakembaran teh papaduk-
paduk. Saur Rabeka, "Ku naon aing teh nepi
ka nyorang nu siga kieu?" Seug anjeunna
neneda ka PANGERAN, neda bongbolongan.

²³ Ku PANGERAN diwaler, lahirana-Na, "Di
jero kandungan maneh aya dua bangsa. Di
mana gumelar, baris jadi dua kaom anu silih
lawan. Nu hiji leuwih kuat batan nu sejen,
sarta cikalna baris ngawula ka adina."

²⁴ Nepi ka waktuna, Rabeka babar, putrana
kembar.

²⁵ Anu kaluarna ti heula kulitna beureum
jeung pinuh ku bulu, nu matak dingaranan
Esau.

²⁶Anu kaluar pandeuri, leungeunna ngeupeul pageuh kana keuneung Esau, nya dingaranan Yakub. Harita, yuswa Ishak geus 60 taun.

²⁷Sanggeus sawawa, Esau jadi paninggaran anu ahli, purah ngencar ti imah, ari Yakub adatna cicingan, karesepna di imah.

²⁸Ishak resep ka Esau, da sedep daging beubeunangan Esau moro. Sabalikna Rabeka resep ka Yakub.

²⁹Dina hiji poe waktu Yakub keur popolah, jol Esau balik tas moro. Ku sabab lapar,

³⁰pok ngomong ka Yakub, "Cik Akang menta eta anu beureum-beureum, lapar mani leuleus." (Nya ti harita Esau teh meunang Ialandian Edom.)

³¹Ari tembal Yakub, "Mangga. Tapi kudu ditukeuran ku hak cikal Akang."

³²Ceuk Esau, "Heug! Akang mah dareukeut kana paeh ieuh; jadi naon untungna keur Akang hak kacikalan teh?"

³³Jawab Yakub, "Sumpah heula yen rek mikeun hak cikal Akang." Seug Esau sumpah, terus hak cikalna dijual ka Yakub.

³⁴Geus kitu ku Yakub diberean roti jeung kaolahan kacang beureum tea. Beres dahar nginum, Esau cengkat terus indit. Kitu Esau mah, luas miceun hak cikalna.

26¹Hiji mangsa eta tanah katarajang deui paceklik, saperti bareto keur jaman Ibrahim. Ishak angkat ka Gerar nepangan Abimelek raja urang Pelisti.

²PANGERAN nembongan ka Ishak sarta ngandika, "Maneh ulah ka Mesir. Cicing bae di tanah anu geus dituduhkeun ku Kami.

³Saheulaanan di dieu bae, ku Kami dibarengan jeung bakal diberkahan. Sabab ieu tanah ku Kami bakal dibikeun ka maneh jeung turunan maneh. Kami tetep mageuhan jangji ka bapa maneh.

⁴Maneh rek dibere turunan anu lobana lir bentang di langit, sarta maranehanana ku Kami bakal diserenan tanah sawewengkon ieu. Bangsa-bangsa kabeh bakal marenta diberkahan ku Kami cara ngaberkanan ka turunan maneh.

⁵Kami bakal ngaberkanan ka maneh, lantaran Ibrahim geus nurut jeung ngestokeun parentah-parentah Kami."

⁶Tuluy Ishak matuh di Gerar.

⁷Urang dinya naranyakeun hal garwana. Ku anjeunna diwaler yen: "Eta teh pun adi." Teu wantuneun ngangken yen garwana, sieun dipaehan ku urang dinya, kawantu garwana geulis kabina-bina.

⁸Hiji mangsa, anjeunna katingali tina jandela ku Abimelek raja tanah Gerar, keur nyacapkeun kasono jeung Rabeka.

⁹Ishak ku anjeunna disaur, dipariksa, "Moal lepat deui, eta istri teh tangtos garwa salira! Naon margina diangkenkeun rai?" Waler Ishak, "Ku emutan, upami disebatkeun pun bojo, tangtos sim kuring aya nu maehan."

¹⁰Abimelek, "Teu sae kitu. Da saupami kitu mah gampil bae tuang geureuha teh digunasika ku salah saurang rahayat sim kuring, matak lepat ka sadaya urang dieu."

¹¹Ti dinya Abimelek marentahkeun ka rahayatna, "Ieu juragan reujeung garwana, ulah aya anu ngaganggu. Sing saha nu kumawani, tanwande dihukum pati."

¹²Di eta tanah Ishak teh ngahuma. Barang dipanenan, hasilna saratus kalieun, kawantu diberkahan ku PANGERAN.

¹³Anjeunna jadi kacida beungharna, sabab usahana beuki maju, beuki maju.

¹⁴Barang urang Pelisti nyarahoeun yen Ishak kagungan ingon-ingon embe, domba, kitu deui badega-badega sakitu lobana, seug jadi malik sirik.

¹⁵Heug bae sumur-sumur anu bareto beunang ngali badega-badega Ibrahim ramana teh ku maranehanana diarurugan.

¹⁶Saur Abimelek ka Ishak, "Ku margi ayeuna mah salira jadi leuwih kuat ti batan urang dieuna, sae ngalih bae ti dieu."

¹⁷Ishak terus ngalih, ngababakan di hiji lengkob di Gerar, ngendek di dinya meunang sawatara lila.

¹⁸Sumur-sumur anu dikali di jaman ramana, anu diarurugan ku urang Pelisti sanggeus ramana pupus, ku anjeunna dikalian deui, malah dingaranan deui numutkeun ngaran-ngaran ti ramana.

¹⁹Hiji mangsa badega-badega Ishak ngali hiji sumur di eta lengkob, cinyusuna mani buburialan.

²⁰Tapi tukang-tukang angon urang Gerar ngajak cekcok ka tukang-tukang angon Ishak. Aromongna, "Ieu sumur anu kami!" Seug eta sumur teh ku Ishak dingaranan "Esek", anu hartina cekcok.

²¹Badega-badega Ishak ngali deui sumur sejenna. Ieu oge jadi pacekcokan. Nya ku anjeunna dingaranan "Sitna" anu hartina mumusuhan.

²²Ishak ngalih deui jauh ti dinya, jeung ngali deui hiji sumur. Ieu mah berekah henteu jadi pacekcokan. Seug ku anjeunna dingaranan Rehobot, hartina "Kaluginaan". Saurna, "Nya di dieu urang ku PANGERAN dipaparin kaluginaan. Di dieu urang baris jadi makmur."

²³Hiji mangsa Ishak angkat ka Bersyeba.

²⁴Peutingna PANGERAN nembongan sarta ngandika, "Kami, Allah panutan bapa maneh Ibrahim. Ulah sieun Kami aya jeung maneh. Maneh bakal diberkahan, dibere loba turunan, ku karana abdi Kami Ibrahim."

²⁵Ishak ngadegkeun altar, seug ngabakti ka PANGERAN. Geus kitu masang kemah, badega-badegana ngarali sumur.

²⁶Abimelek sumping ka Ishak ti Gerar, disarengan ku Ahusat juru nasehatna jeung Pikol, panglima balatantara.

²⁷ Saur Ishak ka anjeunna, "Aya pikersaeun ka sim kuring? Kapan kapungkur mah sakitu henteu saena ka sim kuring, dugi ka ngusir!"

²⁸ Walerna, "Ayeuna mah parantos terang, salira disarengan ku Allah. Ku emutan, urang kedah meungkeut hiji perjangjian anu kiat. Salira kedah jangji

²⁹ yen moal ganggu ka pihak sim kuring. Sim kuring oge kitu moal ngaganggu ka pihak salira. Geuning kapungkur oge sim kuring teu kieu-kieu ka salira. Nalika angkat ti ditu salira henteu disisikudi. Geuning ayeuna salira diberkahan keneh ku PANGERAN."

³⁰ Ti dinya Ishak sasayagian seja nyukakeun tamuna, brak taruang leueut.

³¹ Isukna isuk-isuk keneh, aranjeunna masing-masing ngikrarkeun jangjina kalawan sumpah. Sanggeus beres, tamu-tamu dijurung marulih. Dina paturay tineungna, aranjeunna geus pada silih mimitran.

³² Poe eta badega-badega Ishak daratang, bebeja ka anjeunna perkara ngali sumur tea, pokna, "Caina parantos kapendak."

³³ Eta sumur ku anjeunna dingaranan "Syeba". Ku sabab eta, eta tempat teh tetep dingaranan Bersyeba.

³⁴ Ari Esau sanggeus yuswa opat puluh taun nikah ka Yudit, anak Beri urang Het. Jaba ti eta nikahna teh ka Basmat, anak Elon, urang Het keneh.

³⁵ Ishak jeung Rabeka batih susah sajeroning manah.

27 ¹Ishak kacida sepuhna, socana geus teu ningali. Hiji mangsa nyaur Esau, putra cikal, sarta saurna, "Ujang!" "Kulan!" wangsulanana.

²Ishak, "Ama teh geus kolot, geus tereh maot.

³ Mana pakarang Ujang, gondewa jeung panah, Ama pangmorokeun.

⁴ Terus olahkeun ku Ujang, jieun kaolahan kasedep Ama, seug bawa ka dieu. Engke ku Ama didahar. Memeh Ama sah ti dunya, hayang ngaberkahan heula ka Ujang."

⁵ Kasauran Ishak ka Esau kadangueun ku Rabeka. Sanggeus Esau indit moro jang ramana,

⁶ Rabeka sasauran ka Yakub, "Bieu Ibu ngadenge Ama sasauran ka Esau, saurna:

⁷ Ama pangmorokeun, terus olahkeun jang Ama. Engke ku Ama didahar. Memeh Ama sah ti dunya, hayang ngaberkahan Ujang heula di payuneun PANGERAN.

⁸ Ayeuna kieu kasep, turutkeun omongan Ibu.

⁹ Jung ayeuna newak embe dua anu ngora, urang olahkeun, jieun rupa-rupa kaolahan kasedep Ama.

¹⁰ Sanggakeun ku Ujang, sina dituang ku Ama, engke Ujang ku Ama diberkahan, samemeh Ama pupus."

¹¹ Wangsul Yakub ka ibuna, "Nanging kumaha, Ibu, kapan Esau mah pinuh ku bulu, dupi kulit abdi mah limit.

¹² Boa engke Ama ngarampaan awak abdi, uningaeun we panginten yen abdi ngabohong. Upami kitu mah abdi teh ti batan diberkahan anggur disapa."

¹³ Saur ibuna, "Panyapana mah nu kumaha bae ge keun Ibu nu nyangga. Turut bae Ibu, jung ka ditu tewak embe, bawa ka Ibu."

¹⁴ Yakub newak embe, disanggakeun ka ibuna, terus diolahkeun didamel kaolahan kasedep Ishak.

¹⁵ Geus kitu Rabeka nyandak pakean Esau anu disimpen di bumi, rap dianggokeun ka Yakub.

¹⁶ Leungeun jeung punduk Yakub anu henteu katutup ku eta pakean, dibulenan ku kulit embe tea.

¹⁷ Kaolahan nu raraos teh dipiwarang disanggakeun ku Yakub jeung rotina ka ramana.

¹⁸ Ku Yakub disanggakeun ka ramana. Saurna, "Ama!" Walerna, "Saha eta? Anak anu mana Ujang teh?"

¹⁹ Yakub ngawangsul, "Abdi Esau, putra Ama anu cikal. Pamundut Ama parantos sayagi. Geura gugah. Tuang ieu daging kenging abdi moro. Saparantos tuang, abdi berkahsan."

²⁰Ishak, "Geuning tereh pisan
beubeunangan, Ujang?" Yakub ngawangsul,
"Allah panutan Ama parantos nulung ka abdi."

²¹Saur Ishak deui, "Ser atuh ka dieu, urang
rampa ku Ama, na enya Ujang teh Esau anak
Ama?"

²²Ser Yakub ngadeukeutan ka ramana. Saur
ramana sanggeus ngarampaan, "Sorana mah
sora Yakub, tapi dirampa leungeunna asa
leungeun Esau."

²³Anjeunna teu uningaeun yen eta
teh Yakub, kawantu leungeun Yakub
karaos buluna cara Esau. Barang rek prak
ngaberkahan,

²⁴anjeunna mariksa deui, "Na enya ieu teh
anak Ama, Esau?" "Leres," wangsulna.

²⁵Saur Ishak, "Sok atuh daging teh
asongkeun, ku Ama urang dahar. Engke Ujang
diberkahan." Sor ku Yakub disanggakeun,
sakalian jeung anggur keur leueuteunana.

²⁶Geus kitu ramana ngalahir, "Ser Ujang ka
dieu, Ama cium."

²⁷Yakub nyampeurkeun ka ramana, seja
nyium. Pakeanana ku ramana diangseuan.
Pok ramana ngucapkeun berkah, "Ieu bau
anak Ama, matak seger karasana, seungit
tanah nu pinuh ku berkah Allah.

²⁸Mugia Allah ka hidup nurunkeun ibun
ti langit, tanah teh mangka subur mangka
makmur, sing dipaparin ceuyah ku gandum
ceuyah ku anggur.

²⁹ Bangsa-bangsa ka hidep mangka taraluk, sararujud tararunduk. Baraya-baraya, ka hidep mangka ngawula, anak-anak indung hidep, ku hidep mangka kapurba. Mangka kasapa sakur nu ka hidep nyapa, mangka jamuga, nu ka hidep ngadudunga."

³⁰ Cacap Ishak ngucapkeun berkahna, Yakub geus undur. Ana torojol Esau rakana, tas moro.

³¹ Anjeunna ge popolah, terus disanggakeun ka ramana. Pok unjukan, "Ama, geura gugah. Geura tuang, ieu dagingna, kenging abdi putra Ama. Saparantosna, abdi berkahana."

³² Ishak mariksa, "Saha Ujang teh?" Wangsulanana, "Abdi Esau, putra Ama anu cikal."

³³ Per Ishak ngadegdeg salirana. Mariksa deui, "Ari bieu saha atuh, ka Ama nyuguhan beunang moro? Ku Ama didahar, memeh Ujang datang. Malah ku Ama geus diberkahana, tur berkahna tetep tumetep."

³⁴ Gauk Esau ngajerit tarik, terus nangis semu nalangsa kabina-bina. Pok unjukan, "Ama, atuh abdi ge berkahani!"

³⁵ Waler Ishak, "Adi Ujang geus nипу ka Ama, nyokot berkah anu Ujang."

³⁶ Wangsul Esau, "Parantos dua kali sareng ieu manehna nипу ka abdi. Surup ka ngaranna Yakub. Hak cikal ku manehna dirampas ti abdi, ayeuna berkah anu abdi oge dirampas. Na teu aya deui berkah ti Ama pikeun abdi?"

³⁷ Waler Ishak ka Esau, "Yakub ku Ama geus diberkahan sina murba ka Ujang, sakabeh barayana baris jaradi kawulana. Ku Ama geus disina beunghar ku gandum jeung anggur. Jadi kudu kumaha atuh Ama ka Ujang teh?"

³⁸ Esau ngeukeuhan ka ramana, "Naha Ama kagungan berkah teh mung hiji-hijina? Berkahan abdi oge, Ama!" saurna, bari segruk bae nangis.

³⁹ Geus kitu saur Ishak, "Tanah hidep hamo subur hamo makmur, ti langit mo ngambeu ibun.

⁴⁰ Hirup hidep ngan ku pedang, ka adi baris ngawula. Tapi upama hidep usaha bebeakan, engke bisa bebas tina kakawasaanana."

⁴¹ Esau kacida ngunek-ngunekna ka Yakub, dumeh berkahna enggeus dirampas. Heug bae mikir, "Mo lila deui ge Ama ngantunkeun. Beres eta, dipaehan si Yakub ku aing!"

⁴² Tapi eta niat Esau teh kauningaeun ku Rabeka. Yakub ku anjeunna disaur, "Ujang! Esau lanceuk Ujang ngarah, rek maehan ka Ujang.

⁴³ Ayeuna turutkeun papatah Ibu. Geura sasadiaan, terus kabur ka Haran, ka dulur Ibu anu ngaran Laban.

⁴⁴ Di dinya bae heula, nepi ka sirepna amarah lanceuk Ujang,

⁴⁵ moal nginget-nginget deui kalakuan Ujang ka manehna. Mun geus kitu, Ibu tangtu ngajurungan saha bae ka ditu, neang Ujang

mulang deui ka Ibu. Ku naon atuh Ibu teh
tepi ka kudu ditinggalkeun ku anak duanana
sapoe reujeung?"

⁴⁶Ti dinya Rabeka nepangan Ishak, saurna,
"Abdi teh parantos bosen ningal bojo-bojona
Esau, teu sabangsa sareng urang. Upami
Yakub oge dugi ka bojoan ka urang dieu,
bangsa Het, langkung sae pondok umur bae
abdi mah."

28¹Yakub ku Ishak disaur. Sanggeus
dibageakeun, diomat-omatan, saurna,
"Ulah boga pamajikan ka urang Kanaan.

²Ayeuna geura sasadiaan, terus indit ka
Mesopotami. Tepungan Eyang Betuel ramana
Ibu. Heug kawin ka urang ditu, ka putra
Emang Laban.

³Muga rumah tangga hidep meunang berkah
Allah Nu Maha Kawasa, bisa reuay anak,
sangkan jadi karuhun ti bangsa loba.

⁴Hidep saturun-tumurun, sing meunang
berkah PANGERAN cara berkah ka Ibrahim.
Ieu tanah, tempat hidep dijurukeun, anu ku
Allah geus dipaparinkeun ka Ibrahim, masing
jadi milik hidep."

⁵Geus kitu Yakub dijurung laku, indit ka
Mesopotami, dipiwarang nepungan Laban
putra Betuel urang Aram. Laban teh raina
Rabeka ibuna Yakub jeung Esau.

⁶Esau terangeun, yen Yakub diberkahan
deui jeung diiangkeun ka Mesopotami, sina
neangan jodo di ditu. Terangeun, yen waktu

keur diberkahana diomat-omatan teu
meunang kawin ka wanita urang Kanaan.

⁷ Terangeun, yen Yakub indit ka Mesopotami
teh lantaran nurut ka rama ka ibu.

⁸ Ras bae kapikir, yen ramana teu resep ka
wanita urang Kanaan.

⁹ Ku sabab eta manehna terus nepungan
Ismail, putra Ibrahim tea, terus nikah jeung
Mahalat adina Nebayot, putra Ismail.

¹⁰ Yakub iang ti Bersyeba, ngajugjug ka
tanah Haran.

¹¹ Barang jol ka hiji tempat, panonpoe
enggeus surup. Yakub tuluy pasang kemah,
dug ngedeng dina anggel batu, ti dinya reup
bae mondok.

¹² Bet ngimpi ningal taraje, nanggeuh ti
bumi ka langit, dipake unggah turun ku para
malaikat.

¹³ Breh deui ningal aya PANGERAN, ngadeg
di gigireunana, nimbalan kieu, "Kami, Allah
panutan Ibrahim jeung Ishak. Ieu tanah anu
keur dikedengan ku maneh, baris jadi milik
maneh, turun-tumurun.

¹⁴ Turunan maneh bakal loba liwat saking,
tinanding keusik di bumi. Ari wewengkon
tanahna, bakal terus ngalegaan, ka kulon,
ka wetan, ka kidul, ka kaler. Bangsa-bangsa
bakal mareunang berkah ku lantaran maneh
sarta turunan maneh.

¹⁵ Satemenna, Kami seja nyarengan ka
maneh. Ka mana bae nya indit, ku Kami

tangtu diraksa, sarta baris dibalikkeun deui ka ieu tanah. Maneh moal ditinggalkeun, nepi ka laksana saomong Kami ayeuna."

¹⁶Korejat Yakub hudang, tuluy ngomong, "PANGERAN di dieu! Aing teu nyaho Mantenna aya di dieu!"

¹⁷Yakub jadi sieuneun sarta tuluy ngomong deui, "Ieu tempat teh pikasieuneun! Ieu tangtu bumina Allah; tangtu ieu teh lawang asup ka sawarga."

¹⁸Poek-poek keneh Yakub geus hudang. Top kana batu nu entas dipake anggel, seug ditangtungkeun, dijieun tugu pangeling-ngeling, cur dikucuran minyak rek dibaktikeun ka Allah.

¹⁹Seug eta tempat teh ku Yakub dingaranan Betel. Tadina ngaranna Lus.

²⁰Geus kitu Yakub ikrar sumpah ka PANGERAN: "Saupami Gusti nyarengan sareng ngaraksa ka abdi salebetung perjalanan, salajengna maparin sandang sareng pangan,

²¹sareng ngawangsulkeun deui abdi ka pangkonan pun bapa, Gusti teh nya Allah panutan abdi.

²²Ieu batu pangeling-eling anu ditangtungkeun ku abdi, bakal jadi tempat paranti ngabakti ka Anjeun. Sareng abdi sumeja nyanggakeun sapersapuluh ti sugri anu ku Gusti dipaparinkeun ka abdi."

29¹ Yakub jung deui lumaku, kebat angkat ka tanah Wetan.

²Ti dinya jol ka hiji sumur, ayana di tengah tegal. Deukeut sumur aya domba tilu gunduk keur darepa, ngadago dibarere nginum. Ari sumurna ditutupan keneh ku batu gede.

³Upama domba geus karumpul kabeh, kakara diarinuman, batu panutup sumurna diangkat babarengan. Mun geus beres nginuman, batuna ditutupkeun deui kana urutna.

⁴Yakub terus uluk salam sarta saurna, "Punten, dulur-dulur anu ti mana?" Dijarawab yen ti Haran.

⁵Yakub, "Manawi kenal sareng Laban putra Nahor?" Dijarawab yen kenal.

⁶Yakub, "Kumaha anjeunna damang?" Dijarawab, "Damang. Tuh geuning Rahel putrana, ngagiringkeun domba ka dieu."

⁷Saur Yakub, "Siang keneh, can meujeuhna ngandangkeun. Ku naon teu enggal-enggal dibere nginum, sina nyaratuan deui?"

⁸Jawabna, "Ngantos kumpul heula sadayana. Ayeuna mah can tiasa, margi batuna kedah diangkat babarengan, nembe tiasa nginuman."

⁹Sabot Yakub sasauran, Rahel datang ngagiring domba ramana, kawantu Rahel oge kabagian kudu ngangon.

¹⁰Ana jol Rahel datang ngagiring domba anu emang Laban, Yakub buru-buru muru ka

sumur, gulipak batuna digulingkeun, terus eta domba-domba disina ngarinum.

¹¹ Ti dinya gabrug ngarangkul ka Rahel bari sumegruk.

¹² "Akang teh," saurna, "putra ti Ibu Rabeka, wargi tuang rama." Deregdeg Rahel lumpat rek wawartos ka ramana.

¹³ Sanggeus diwartosan yen aya Yakub putra rakana, Laban gura-giru mapagkeun. Gabrug ngarangkul bari nyuman, terus Yakub dikaleng, dicandak ka bumi. Ti dinya Yakub cacarios ngunjukkeun sagala nu kaalaman.

¹⁴ Saur Laban, "Enya, hidep teh tunggal getih daging Ama." Saterusna Yakub di pamanna geus meunang sabulan.

¹⁵ Geus kitu saur Laban ka Yakub, "Kumaha hidep teh, digawe teu dibayar pedah kulawarga keneh. Cik hidep menta sabaraha bayaran?"

¹⁶ Ari Laban kagungan putra istri dua, Lea rakana, Rahel raina.

¹⁷ Lea alus panonna, tapi Rahel mah awakna camperenik jeung rupana geulis.

¹⁸ Yakub nu cinta ka Rahel ngawalon, "Abdi seja babantu di Emang tujuh taun, asal dipaparin Rahel, putra Ama anu anom."

¹⁹ Saur Laban, "Nya mending dika-aguskeun eta anak Ama teh, tinimbang ka nu sejen mah. Heug, hidep didieu bae jeung Ama."

²⁰Digawe tujuh taun keur meunangkeun Rahel, karaosna ku Yakub mah ukur popoean bae, awahing ku cinta-cintana.

²¹Tutup anu tujuh taun, Yakub unjukan ka Laban, "Abdi nagih perjangjian, putra Ama tikaheun ka abdi, margi parantos seep waktosna."

²²Prak Laban hajat, urang dinya kabeh diondang.

²³Tapi peutinganana, anu dianteurkeun ka Yakub teh lain Rahel, tapi Lea, seug salulut.

²⁴Lea ku Laban dibere emban saurang, ngaranna Silpa.

²⁵Isukna ku Yakub kakara katangen, sihoreng eta teh Lea. Yakub ngadesek ka Laban, "Geuning kitu Ama mah, ngabobodo! Abdi ngawula teh hayang Rahel!"

²⁶Walon Laban, "Di dieu mah teu lumrah adi dikawinkeun miheulaan lanceuk.

²⁷Sabar heula saminggu ieu nepi ka bubar hajat, kakara Rahel ku Ama diserenkeun. Tapi hidep kudu digawe di Ama tujuh taun deui."

²⁸Yakub satuju. Sabubarna hajat kawinan, Rahel diserenkeun ka Yakub.

²⁹Rahel oge ku ramana dibere emban saurang, ngaranna Bilha.

³⁰Yakub jeung Rahel enggeus salulut, tur asihna ka Rahel leuwih ti batan ka Lea. Yakub ngawula ka Laban tujuh taun deui.

³¹ PANGERAN uninga yen Lea teu dipikacinta. Seug ku Mantenna sina boga anak, sabalikna Rahel mah sina gabug.

³² Seug Lea kakandungan terus ngalahirkeun putra lalaki. Terus dingaranan Rubin, sabab saurna, "PANGERAN geus ningali kasusah aing. Ayeuna mah salaki tangtu nyaaheun."

³³ Geus kitu kakandungan deui. Ana lahir putrana pameget, tuluy dingaranan Simeon, sabab saurna, "PANGERAN maparin deui anak, uningaeun aing teu dipikacinta."

³⁴ Ngandung deui, ana lahir putrana pameget, seug dingaranan Lewi, sabab saurna, "Ayeuna mah salaki tangtu layeut ka aing, da aing geus mere tilu anak."

³⁵ Ngandung deui, ana lahir putrana pameget, seug dingaranan Yuda, karana saurna, "Aing muji sukur ka PANGERAN." Ti dinya pet teu putraan deui.

30¹ Ku sabab henteu bae kagungan putra ti Yakub, Rahel jadi sirik ka nu jadi raka. Ti dinya unjukan ka Yakub, "Abdi menta anak! Kieu bae mah langkung sae pondok umur!"

² Bawaning jengkel ka Rahel, Yakub ngawalon, "Na Akang teh gaganti Allah? Nyai teu boga anak teh kapan ku pangersa-Na!"

³ Walon Rahel, "Kapan abdi gaduh inang, Bilha. Kawin ku Akang sina ngandung, anakna jang abdi, sarta abdi jadi indung ku jalan kitu."

⁴Seug Bilha, inangna, diserenkeun sina salulut jeung carogena.

⁵Ti dinya Bilha nyiram, terus ngalahirkeun pikeun Yakub.

⁶Saur Rahel, "Allah geus midamel kaadilan ka aing, ngamakbul paneda aing, maparin anak." Seug orok teh dingaranan Dan.

⁷Bilha inang Rahel nyiram deui, terus ngalahirkeun putra pameget ti Yakub.

⁸Saur Rahel, "Aing tas tarung jeung lanceuk. Aing anu meunang." Seug orok teh dingaranan Naptali.

⁹Ari Lea, sanggeus pet teu putraan deui, seug nyerenkeun Silpa inangna, sina ditikah ku Yakub.

¹⁰Ti dinya Silpa ngalahirkeun putra pameget ti Yakub,

¹¹terus dingaranan Gad. "Sabab mawa untung!" saur Lea.

¹²Silpa inang Lea ngalahirkeun deui putra pameget ti Yakub.

¹³Saur Lea, "Bagja temen ieu aing! Aing bakal disebut jelema bagja ku sakabeh awewe." Ku sabab kitu eta putrana teh dingaranan Aser.

¹⁴Hiji mangsa keur usum panen gandum, Rubin ka huma, beh manggih buah, ngaranna buah asihan. Seug diserenkeun ka Lea, ibuna. Rahel menta, "Cik abdi menta eta buah asihan panimu anak aceuk."

¹⁵ Lea ngawalon, "Acan puas ngarebut salaki aceuk? Ayeuna prak deui, menta buah asihan panimu anak aceuk!" Ari walon Rahel, "Engke wengi, aceuk kenging kulem sareng Kang Yakub, asal abdi dipasihana eta buah."

¹⁶ Pasosore Yakub sumping tas ti huma, Lea mapagkeun sarta saurna, "Engke wengi Akang kulem di abdi, margi parantos disewa ku abdi ku buah asihan panimu anak abdi." Peutingna Yakub kulem di Lea sarta salulut.

¹⁷ Allah ngamakbul paneda Lea. Lea nyiram deui, tuluy ngalahirkeun putra anu kalima ti Yakub.

¹⁸ Saur Lea, "Allah ngaganjar ka aing, lantaran aing ngabaktikeun inang aing ka salaki." Seug putrana dingaranan Isaskar.

¹⁹ Ti dinya nyiram deui, terus ngalahirkeun putra anu kagenep ti Yakub.

²⁰ Saurna, "Allah ka aing maparin nugraha. Ayeuna mah salaki teh tangtu daekeun deui ka aing, da aing geus genep ngajurukeun anakna anu lalaki." Ku sabab kitu eta budak teh ku Lea dingaranan Sebulun.

²¹ Ti dinya ngalahirkeun deui, istri, dingaranan Dinah.

²² Geus kitu Allah emut ka Rahel. Paneda Rahel dikabul, dipaparin kasempetan kana puputra.

²³ Seug nyiram terus ngalahirkeun putra lalaki. Pok sasauran, "Allah geus ngajait aing tina kahinaan teu boga anak.

²⁴ Mugi-mugi Mantenna maparin deui anak ka aing." Seug putrana dingaranan Yusup.

²⁵ Sanggeus lahir Yusup, Yakub neda amit ka Laban, saurna, "Ama, abdi widian mulang ka bali geusan ngajadi.

²⁶ Pun bojo, anu dikengingkeunana ku jalan abdi ngawula ka Ama, kitu deui pun anak, sadayana bade dibantun. Ku Ama parantos kauninga, abdi digawe di Ama teh sakitu temen wekelna."

²⁷ Walon Laban, "Hidep sing karunya ka Ama, enya ku Ama ge karasa, pangna Ama sakieu diberkahanana ku PANGERAN teh nya hidup lantaranana.

²⁸ Bisi hidup hayang dibayar, sabaraha oge ku Ama tangtu dibayar."

²⁹ Walon Yakub, "Ku Ama tangtos karaos, kumaha suhudna abdi ngawula. Ingon-ingon Ama oge jadi sakitu gereyekna saparantos diurus ku abdi mah.

³⁰ Memeh ku abdi diurus mah mung saeutik, ayeuna parantos jadi mangpirang-pirang. Sajleg abdi aya di Ama, sakitu diberkahanana Ama ku PANGERAN. Meujeuhna ayeuna mah abdi ngemut-ngemut kapentingan rumah tangga pribadi."

³¹ Saur Laban, "Mere naon atuh Ama ka hidup?" Walon Yakub, "Ama teu kedah maparin naon-naon. Heug abdi ngurus deui ingon-ingon Ama, upami Ama satuju sarat-saratna.

³² Dinten ieu abdi bade mariksa ingon-ingon. Mana-mana domba anu bulu hideung, embe anu totol-totol sareng anu belang, bade dipisahkeun, keur buruhan abdi.

³³ Kitu teh supados ka payunna Ama gampil mariksana, bilih palay uninga abdi jujur henteuna. Jadi upami mendakan dinu bagian abdi aya embe anu buluna henteu belang atanapi totol-totol, atanapi domba anu sanes bulu hideung, tangtos eta kenging maling ti Ama."

³⁴ Walon Laban, "Ama akur. Kumaha hidep bae."

³⁵ Tapi poe eta keneh Laban buru-buru misah-misahkeun embe-embe badot anu kendit jeung anu belang, embe-embe bikang anu totol-totol jeung nu belang, kitu deui anu bodas. Jaba ti eta, domba-domba bulu hideung kabeh dipisah-pisahkeun. Geus kitu dipasrahkeun ka putra-putrana sina dijaga.

³⁶ Ti dinya anjeunna angkat ngajauhan Yakub, jauhna kira-kira lalakon tilu poe. Jadi ingon-ingon Laban anu diurus ku Yakub mah sasesana bae.

³⁷ Ti dinya Yakub mesekan dahan-dahan anu harejo, dahan kimenyan, dahan jarak jeung dahan caringin. Dipesekna dipontrang-pontrang sina tempong nu bodasna, jadi udat-udat belang.

³⁸ Eta dahan-dahan teh diteundeunna dina jolang-jolang paranti embe ngarinum. Ana

embe dararatang rek ngarinum, sok ngaradon lakian di dinya.

³⁹ Ku lantaran keur waktu kituna narenjoeun kana daham-dahan nu dibelang-belang tea, ana ngajaruru anakna teh tararotol, kararendit jeung barelang.

⁴⁰ Ari domba-domba jalu ku Yakub dipisahkeun, sina ngudag-ngudag bikang anu warna kendit jeung hideung anu Laban. Ku anjeunna dipisah-pisahkeun, henteu dihijikeun jeung anu Laban. Kitu carana Yakub nambaham ingon-ingonna, sarta henteu dihijikeun jeung anu Laban.

⁴¹ Jeung ana embe domba anu barodas rek lakian, jolang-jolang paragi ngarinumna diteundeunan daham-dahan beunang montrang. Atuh embe domba teh lakianana nyalanghareup kana daham-dahan tea.

⁴² Ari embe domba anu halengker mah henteu dikitukeun. Kajadianana, Laban kabagian nu halengkerna, ari Yakub meunang nu karuat tur sarehat.

⁴³ Atuh Yakub teh gancang naker jadi beunghar, embe dombana mangpirang-pirang, onta, kalde, jeung badega-badega teu kurang-kurang.

31 ¹Hiji mangsa Yakub ngadangu diupat ku putra-putra Laban, cenah, "Yakub geus ngarampogan sagala rupa ti bapa urang. Beunghar soteh bane beunang nyokotan ti bapa urang."

²Jeung deui ku Yakub ge geus kajudi, yen bubuden Laban ka anjeunna geus henteu cara kamari mangkukna.

³Ti dinya PANGERAN nimbalan ka anjeunna, "Geura mulang ka tanah karuhun maneh, ka kaom sorangan. Heug ku Kami dibaturan."

⁴Seug Yakub miwarang nyusulan Rahel jeung Lea sina ka tegal pangangonan.

⁵Saurna ka Rahel jeung Lea, "Bubuden rama nyai ka Akang ayeuna mah geus henteu cara bareto-bareto. Tapi Allah panutan bapa Akang teu petot-petot nyarengan ka Akang.

⁶Akang digawe di Ama teh estu dug hulu pet nyawa, ku Nyai ge tangtu karasa.

⁷Tapi Ama ka Akang kalah ka ngalicikan, buruhan Akang ku anjeunna dihala-hili nepi ka sapuluh kali. Ngan teu diwidian bae ku Allah ari nepi ka nyilakakeun mah ka Akang teh.

⁸Mun ceuk anjeunna, Bagian hidep anu totol-totol, embe domba aranakanana teh totol. Mun ceuk anjeunna, Bagian hidep ayeuna mah anu barelang, heug aranakanana teh barelang.

⁹Jadi embe domba anu Ama teh ku Allah sasat dicandakan dipasihkeun ka Akang.

¹⁰Hiji mangsa, dina usum embe domba lakian, Akang teh ngimpi: Embe domba jalu anu keur mararacek teh kararendit, tararitol, jeung barelang.

¹¹ Dina eta impian Akang teh dilahiran ku Malaikat Pangeran, saur-Na, Yakub! Nun, ceuk Akang.

¹² Tuh awaskeun, lahirana-Na deui, itu badot-badot anu keur mararacek teh karendit, tararotol jeung barelang. Eta dihaja ku Kami, lantaran Kami nyaho kumaha kalakuan Laban ka maneh.

¹³ Kami, Allah anu nembongan ka maneh di Betel, enggon maneh bareto nyieun tugu pangeling-ngeling anu dikucuran ku minyak, tempat maneh bareto ngucapkeun nadar. Geura sasadiaan geusan incah ti ieu tanah, balik ka bali geusan ngajadi."

¹⁴ Rahel jeung Lea ngawangsul, "Abdi ti Ama teh parantos moal kenging nanaon.

¹⁵ Ku anjeunna parantos dijieun deungeun-deungeun. Abdi ku anjeunna sasat dijual, ari ladang ngajual abdi dikeukeuweuk nyalira bae.

¹⁶ Ieu sagala rupi kakayaan nu aya di urang ayeuna, anu ku Allah dicandakan ti Ama, sayaktosna gaduh urang sareng anu anak urang. Eta dawuhan Allah teh ku Akang tumutkeun."

¹⁷ Prak Yakub sasadiaan. Putra-putra jeung garwa-garwa sina naraek kana onta.

¹⁸ Sanggeus tarapti, leugeudeut mimiti maju, seja mulang ka pangkonan rama di tanah Kanaan. Sagala harta bandana anu meunang

ti Mesopotami taya nu kari. Ingon-ingon embe domba sina digiring ti heula.

¹⁹ Harita Laban keur teu aya, keur nyukuran domba. Sabot sepi, batarana dipaling ku Rahel.

²⁰ Jadi Yakub teh angkatna ngabokong ka Laban, urang Aram tea, henteu wawartos yen seja mulang ka asal.

²¹ Sagala rupa anu jadi milikna dicandak kabur. Angkatna geus meuntasan Walungan Eprat, terus maju ngajugjug pagunungan Gilad.

²² Sanggeus meunang tilu poe, Laban kakara kawartosan yen Yakub kabur.

²³ Laban ngeprak jalma-jalmana. Gurudug nyusul Yakub. Sanggeus meunang tujuh poe, kakara kasusul di pagunungan Gilad.

²⁴ Peutingna Laban meunang impian, ngimpen disumpingan ku Alah sarta nimbalan kieu, "Inget, poma maneh ulah nyieun kitu-kieu ka Yakub."

²⁵ Yakub, anu harita geus masang kemah di hiji gunung, ku Laban enggeus kasusul. Laban nyeblokkeun kemah di pagunungan Gilad.

²⁶ Saur Laban ka Yakub, "Ku naon ngabongohan, anak Ama dibawa kitu bae kawas awewe beunang ngajaran ti pangperangan?

²⁷ Pang ngabongohan Ama teh ku naon, nepi ka indit henteu amitan heula? Coba upama

terus terang, meureun ku Ama dirame-rame
ku tatabeuhan, genjring jeung kacapi bari
dikawihan.

²⁸Ama teu dibere nyium-nyium acan ka
incu-incu, teu ngomong-ngomong acan ka
anak. Ku asa kacida teuing maneh teh!

²⁹Ama bisa bae nyilakakeun hidup. Tapi
tadi peuting Allah panutan bapa maneh
ngomat-ngomatan ka Ama, saur-Na, Poma
maneh ulah kitu-kieu ka Yakub.

³⁰Ku Ama oge kamalum, pangna maneh
kabur teh lantaran geus teu tahan hayang
manggihan bapa. Heug. Tapi ku naon batara
Ama diringkid?"

³¹Yakub ngawangsul, "Puguh abdi teh
ngarasa risi. Ku emutan, putra-putra Ama
moal diwidian marilu, heug bae jadi rebutan.

³²Perkawis batara Ama, mun kapendak
jelemana anu maling, paehan bae. Mangga
garadah, saksina kulawarga urang masing-
masing. Upama aya barang Ama naon bae,
candak!" Yakub teu uningaeun Rahel maling
batara ramana.

³³Ti dinya Laban ngagaradah kemah Yakub,
kemah Lea, kemah inang nu duaan, tapi
weleh batarana teu kapendak. Ti dinya sup ka
kemah Rahel.

³⁴Ari ku Rahel eta batarana geus
disumputkeun, dibebeskeun kana kakasuran
luhur onta, seug dicalikan. Saeusi kemah ku
Laban digaradahan.

³⁵ Saur Rahel ka ramana, "Ama, ulah bendu, abdi teu tiasa mantuan, teu werat cengkat, ieu nuju haid." Laban hantem gagaradah, tapi weleh batarana teu kapendak.

³⁶ Yakub ilang kasabaran, ngong ka Laban sasauran bangun napsu, "Ama! Naon kajahatan abdi? Naon dosa abdi mana Ama kitu-kitu teuing?"

³⁷ Cobi eta barang-barang mani diubrak-abrik. Cik, naon barang Ama anu kapendak? Jengjrengkeun, sina ditarongton ku jelema-jelema ti abdi jeung ti Ama! Keun sina dibaruktikeun, saha di antawis urang anu leres.

³⁸ Dua puluh taun abdi ngawula ka Ama, ngurus embe domba kagungan Ama. Nu bikangna can aya nu burung ngajuru, nu jaluna can aya anu ku abdi dipeuncit didahar dagingna.

³⁹ Anu digusur ku kerud, tara ditembong-tembong ka Ama, dumeh abdi nu talobeh, digantian ku nu sorangan. Nu dipaling boh ti beurang boh ti peuting, salawasna tara teu digantian.

⁴⁰ Remen nandangan balangsak, ti beurang kapanasan, ti peuting katirisan, rajeun tara bisa mondok.

⁴¹ Kirang kumaha abdi teh nya bela, ngadukduk nepi ka dua puluh taun. Keur meunangkeun tuang putra, opat belas taun kumawula ka Ama. Keur meunangkeun

ingon-ingon, genep taun dibujangkeun,
parandene Ama masih tega ngahala-hili
buruhan abdi, nepi ka sapuluh kali.

42 Cacak upami henteu ditangtayungan ku
Allah panutan pun bapa, Allah panutan Eyang
Ibrahim, Allah nu dibakti ku Ishak, tangtu abdi
ku Ama ditundung, kudu balik ngaligincing.
Kabalangsakan sareng pagawean abdi, Allah
nu langkung tingali. Geuning tadi peuting
Ama dipepelinan ku Mantenna."

43 Walon Laban, "Eta anak, duanana anak
Ama. Eta barudak, kabeh incu-incu Ama. Eta
ingon-ingon, kabeh anu Ama. Malah sakur
nu katenjo di dieu, kabeh Ama anu boga.
Ama arek kua arek kieu ka anak atawa ka
barudakna, naon halanganana!

44 Ayeuna urang nyieun perjangjian antara
urang. Urang numpukkeun batu minangka
keur jadi saksi."

45 Seug Yakub nyandak hiji batu,
ditangtungkeun dijieun tutunggul.

46 Jung miwarang kulawarga sina
ngarumpulkeun batu terus ditumpuk, geus
kitu dalalahar dina eta tumpukan batu.

47 Eta tumpukan ku Laban disebut Yegar
Sahaduta, ari ku Yakub disebutna Galed.

48 Saur Laban, "Ieu tumpukan batu, kiwari
ngajadi saksi antara Ama jeung hidep." Kitu
asalna pangna dingaranan Galed.

⁴⁹ Saur Laban deui, "Jeroning urang papisah, mangka kasaksi ku Allah." Eta sababna eta tempat dingaranan Mispa.

⁵⁰ Laban sasauran keneh, "Mun hidep nganyenyeri anak Ama, atawa boga deui pamajikan, sanajan Ama teu nyaho, inget aya Allah nu ngawaskeun, Saksi ti urang duaan."

⁵¹ Saurna deui ka Yakub, "Tah ieu tumpukan jeung tutunggulna beunang Ama.

⁵² Ieu dua rupa tanda jadi saksi yen: Ama moal rek ngaliwat ieu wates geusan nempuh ka hidep. Hidep oge ulah ngaliwatan ieu wates geusan nempuh ka Ama.

⁵³ Allah panutan Ibrahim jeung Allah panutan Nahor baris jadi Hakim nu ngahukum, upama ieu ku urang dirempak." Geus kitu Yakub ngikrarkeun sumpah demi pajenengan Allah nu dibakti ku Ishak ramana.

⁵⁴ Terus Yakub meuncit kurban disembahkeun di pagunungan eta, sarta kulawargana dicandak ngariung dahar. Sanggeus dalahar, peutingna mondok deui di eta gunung.

⁵⁵ Isukna isuk-isuk keneh Laban sosonoan jeung putu-putu, diciuman, andum salam jeung putra-putra, amit mundur terus mulang.

32¹ Yakub sarombonganana maju deui. Di satengahing jalan Yakub ningali aya para malaikat Allah.

²Pok bae misaur, "Ieu tangtu balad Allah."
Ku sabab kitu eta tempat ku anjeunna
dingaranan Mahanaim.

³Ti dinya Yakub ngirim sawatara utusan sina
leumpang miheulaan anjeunna, sina ka Esau
rakana, di nagri Edom.

⁴Anjeunna titip saur keur Esau rakana, kieu,
"Jisim abdi, Yakub, badega nu laip, sumeja
unjuk uninga ka Juragan Esau, yen nembe
tiasa wangsul deui ayeuna, saparantos lami
nya matuh di Paman Laban.

⁵Wangsul teh babantunan, sapi, kalde,
domba sareng embe, sarawuh badega-
badega. Sakitu nu kapiunjuk, taya sanes
mung sumeja nyuhunkeun piwelasna."

⁶Sanggeus baralik deui, para utusan teh
unjukan ka Yakub, "Sareng Esau tuang raka
parantos tepang. Anjeunna keur ka dieukeun,
nyandak balad opat ratus."

⁷Yakub sakalangkung gugup bawaning
ngaraos gimir. Jalma-jalmana dibagi dua
bagian, kitu deui domba, embe, sapi jeung
onta.

⁸Dina manahna, "Bisi upama pareng
digempur ku Esau, sugar bae anu sabagian
deui bisa lolos."

⁹Yakub neneda, "Nun Allah panutan Aki
Ibrahim, Allah panutan pun Bapa Ishak!
GUSTI kapungkur nimbalan, Maneh geura
mulang ka kaom sorangan di bali geusan.
Kami baris hade-hade ngurus ka maneh.

¹⁰Sayak tosna abdi Gusti henteu layak nampi kasaean sareng kagetenan Gusti anu parantos-parantos. Abdi mios meuntasan Walungan Yordan mung ukur kadua iteuk, wang sulna abdi sareng ieu rombongan, anu ayeuna dibagi dua bagian.

¹¹Jait abdi, nun Gusti! Abdi sieun ku pun lanceuk Esau. Abdi gimir sieun anjeunna ngagempur abdi sadaya katut para wanita sareng barudak.

¹²Mugi Gusti emut kana jangji, Kami baris hade-hade ngurus ka maneh. Turunan maneh baris loba tanpa wilangan, tinanding keusik di sapanjang basisir."

¹³Sangeus ngarereb peuting eta di lebah dinya, isukna anjeunna nyadiakeun pangruruba keur nyecep manah rakana, Esau.

¹⁴Embe, bikangna dua ratus, jaluna dua puluh. Domba, bikangna dua ratus, jaluna dua puluh.

¹⁵Onta nu keur nyarusuan tilu puluh, sakalian katut jeung anak-anakna. Sapi, bikangna opat puluh, jaluna sapuluh. Kalde, bikangna dua puluh, jaluna sapuluh.

¹⁶Seug dititipkeun ka badega-badega, hiji badega hiji rombongan. Kieu saurna ka badega-badega, "Jung ka ditu ieu sato-sato barawa ti heula. Atur, ti rombongan ka rombongan deui sing aya antara anu cukup anggangna."

¹⁷ Badega anu kahiji diamanatan, "Upama tepung jeung dulur kami Esau sarta anjeunna mariksa, Saha juragan maneh, arek ka mana, ieu ingon-ingon saha,

¹⁸ ku maneh kudu dijawab kieu, Sumuhun gaduhna pun Yakub, badega gamparan, seja kahaturkeun ka pangersa dunungan, Juragan Esau. Yakubna di pungkur keneh."

¹⁹ Ka badega nu kadua, katilu jeung saterusna sakur anu dititipan rombongan sato-sato tea, amanatna kitu keneh. "Kitu pipokkeun maraneh ka Esau upama geus amprok.

²⁰ Seug sebutkeun, Leres, Yakub badega gamparan nyusul ti pungkur." Ceuk Yakub dina manahna, "Aing rek nyoba ngaleehkeun hatena ku panyecep, sato-sato anu sina diinditkeun ti heula. Malak mandar upama geus tepung, anjeunna kersaeun ngahampura ka aing."

²¹ Sato-sato keur panyecep enggeus diinditkeun ti heula, ari anjeunna peuting eta ngarerebna masanggrahan di lebah dinya.

²² Peutingna, Yakub nyandak garwa duanana, inang duanana jeung sabelas putrana, meuntasan Walungan Yabok ka peuntas ditu.

²³ Sanggeus kitu meuntaskeun sagala kakayaanana.

²⁴ Beres meuntas-meuntaskeun sagala rupa, anjeunna kantun nyorangan di peuntas

dieu. Ari geus nyalira, dumadakan datang hiji jelema, terus galungan jeung Yakub sapeupeuting, nepi ka wanci balebat.

²⁵ Sanggeus eta jelema ngarasa moal baris meunang dina gelutna, Yakub diteunggeul tetepokanana nepi ka misalah.

²⁶ Saur eta jelema, "Leupaskeun kami! Kaburu bray beurang!" Diwaler ku Yakub, "Kuring moal ngaleupaskeun Juragan, kajabi upami Juragan ngaberkanan kuring."

²⁷ "Saha ngaran maneh?" saur eta jelema. "Yakub," walerna.

²⁸ Saur eta jelema, "Ngaran maneh lain Yakub deui. Maneh geus gelut jeung Allah, oge jeung manusa, kalawan unggul, ku sabab eta ngaran maneh jadi Israil."

²⁹ Saur Yakub, "Dipi salira, saha tea?" Ari walerna, "Naon perluna nanyakeun ngaran kami?" Seug Yakub ku eta jelema diberkahan.

³⁰ Saur Yakub, "Aing geus nenjo tameunteu Allah. Ieu aing hirup keneh." Tuluy eta tempat ku anjeunna dingaranan Peniel.

³¹ Panonpoe enggeus meletek, Yakub ngantunkeun Peniel, angkatna jadi pincang lantaran tetepokanana misalah.

³² Nya ku karana eta, tug nepi ka kiwari turunan Israil pantrang ngadahar daging urat panjang anu nyambungkeun tetepokan, sabab nya lebah tetepokanana Yakub diteunggeul nepi ka misalah.

33¹ Esau jeung opat ratus baladna geus beh katembong. Gancang Yakub ngabagi-bagikeun putrana ka ibuna masing-masing, ka Lea, ka Rahel jeung ka emban-emban.

² Emban-emban jeung putra-putrana ditempatkeun beulah hareup. Lea jeung putra-putrana satukangeun eta. Rahel jeung Yusup pangtukangna.

³ Ari Yakub maju pangheulana seja nepangan Esau. Ti kajauhan keneh anjeunna sujud deui sujud deui nepi ka tujuh kali.

⁴ Tapi Esau lumpat muru, terus ngarangkul jeung nyiuman. Aranjeunna silih tangisan.

⁵ Ret Esau ka wanita-wanita jeung marurangkalih, pok mariksakeun, "Ari eta saha, rai?" Walon Yakub, "Sumuhun pun anak, paparin Allah ka jisim abdi."

⁶ Ser dua emban jeung marurangkalih ngadareuheusan ka Esau, terus marando.

⁷ Ser deui Lea jeung marurangkalih, seug marando. Ahirna Rahel jeung Yusup, ngadeuheusan.

⁸ Esau mariksa deui, "Tadi Akang ningal rombongan sejen. Kumaha eta teh maksudna?" Walon Yakub, "Sumuhun, eta sumeja kahaturkeun ka gamparan, pamugi ditampi."

⁹ Saur Esau, "Akang geus ngarasa cukup. Sing tetep-tetep bae eta mah di rai."

¹⁰ Walon Yakub, "Sanes kitu. Saupami leres gamparan ngangken ka jisim abdi, eta pangbakti mugi ditampi. Ningal pameunteu gamparan, jisim abdi mah asa ningal pameunteu Allah.

¹¹ Ulah dugi ka teu ditampi eta pangbakti ti jisim abdi. Jisim abdi ku Allah parantos dipaparin pirang-pirang berkah, dugi ka gaduh sagala rupi." Ku sabab dikeukeuhan, tungtungna ku Esau ditampi.

¹² Saur Esau, "Hayu atuh urang terus, Akang ti hareup."

¹³ Tapi saur Yakub, "Gamparan langkung tingali, eta barudak parantos lalungse. Domba sareng sapi sanesna eta oge jadi emutan, tur anak-anakna aralit keneh. Upami dipaksa dibantun gancang, sadinten oge tangtos pararaeh sadayana.

¹⁴ Mangga gamparan mulih ti payun. Abdi tangtos nuturkeun lalaunan, sagancang-gancang lakuning barudak sareng ingon-ingon, seja ngetruk dugi ka panglinggihan gamparan, di Edom."

¹⁵ Saur Esau, "Lamun sapuk, ieu balad Akang sawareh sina maturan." Walon Yakub, "Kasaean gamparan estu katampi. Nanging teu perlu dugi ka kitu."

¹⁶ Poe eta keneh Esau mulih deui ka Edom.

¹⁷ Tapi Yakub anggur terus ka Sukot. Di dinya anjeunna ngadamel bumi kitu deui kandang-kandang keur ingon-ingon. Nya ku

Iantaran kitu eta tempat disebut Sukot, anu hartina kandang.

¹⁸Ti dinya, samulihna ti Mesopotami teh Yakub cunduk ka kota Sekem di tanah Kanaan. Tuluy masanggrahan di hiji lahan hareupeun eta kota.

¹⁹Saterusna eta lahan digaleuh sabagian ti rundayan Hemor, bapana Sekem, ku pangaji saratus potong perak.

²⁰Ti dinya anjeunna ngadamel altar, dingaranan "El, Allah Panutan Israil".

34 ¹Hiji mangsa Dinah, putra istri Yakub ti Lea, nganjang ka mojang-mojang urang dinya.

²Katingal ku Sekem, putra Hemor urang Hiwi, gegeden di dinya. Dinah dipaksa dibawa, seug diperkosa.

³Tapi saterusna Sekem jadi malik asih, Dinah dililipur sabisa-bisa.

⁴Ti dinya Sekem unjukan ka Hemor ramana, "Ieu istri bade dipirabi, ku Ama panglamarkeun."

⁵Yakub uningaeun yen Dinah geus bahla. Tapi anjeunna henteu geruh, ngantos heula putra-putrana anu keur di taregal jeung ingon-ingon.

⁶Hemor ramana Sekem sumping ka Yakub seja badami.

⁷Meh bareng jeung anjeunna, putra-putra Yakub oge daratang ti tegal. Pohara ngajarenhokna ku kajadian anu tumiba

ka raina, sarta pada amarah. Anggapanana ngageugeuleuh putra Yakub sarua jeung ngahina luar biasa ka kaom Israil.

⁸Hemor ramana Sekem misaur ka Yakub, "Pun anak, Sekem, cinta ka tuang putra, maksadna bade leres-leres ditikah. Nyuhunkeun ridona, mugi kawidian.

⁹Urang sakalian bae nalikeun kawargian. Pala putra anu istri tikahkeun ka anak-anak sim kuring anu lalaki. Anak-anak sim kuring anu awewe, jodokeun ka pala putra anu pameget.

¹⁰Salajengna mugi tetep renggenek di dieu. Tanahna mah kantun milih palay nu mana. Bade dagang, atanapi kagungan milik naon bae, teu aya pamenganana."

¹¹Ti dinya Sekem nyundul pihatur. Kieu saurna ka Yakub sapala putra, "Mugi aya sih citeres ka sim kuring. Mundut naon ge sumeja dicumponan.

¹²Mangga salaurkeun palay naon. Perkawis mas kawinna sakumaha bae mangga sebatkeun. Sapamundut sumeja ditumutkeun, asal sim kuring kajodokeun ka anjeunna."

¹³Putra-putra Yakub ngawalon ka Sekem jeung Hemor, tapi ngandung tipu daya arek ngabales ku hal raina.

¹⁴Salaurna, "Teu doa gaduh dulur ditikah ku nu kulup, matak penal sakulawargi.

¹⁵Kajabi ku sarat ieu: Anjeun, kitu deui sakur lalaki di anjeun, kedah disarunatan heula sapertos kaom sim kuring.

¹⁶Ari parantos kitu mah taya pamenganana lalaki kaom anjeun ngajarodo ka awewe kaom sim kuring, lalaki ti kaom sim kuring ngajarodo ka awewe kaom anjeun, sarta kaom sim kuring sumeja tetep renggenek di aranjeun, ngajadi sakaom.

¹⁷Upami ieu sarat henteu karujukan, teu kersa disarunatan, pun dulur bade dibantun wangsul ti ditu."

¹⁸Ku pamendak Hemor jeung Sekem eta sarat geus sapantesna.

¹⁹Nonoman Sekem, anu di kulawargana jadi pangutamana, henteu panjang nimbang-nimbang, harita keneh nyatujuan.

²⁰Geus kitu Hemor jeung Sekem arangkat ka tempat gempungan di gapura kota, sasauran ka warga kotana, saurna,

²¹"Aranjeunna jalma-jalma nu harade hate. Keun sina maratuh saenggon di tanah urang, bebas wara-wiri. Tanah urang lega keneh, cukup keur aranjeunna oge. Anak-anakna anu awewe karawin ku urang, anak-anak urang anu awewe sina dikarawin ku itu.

²²Maranehna daraekeun maratuh ngahiji jeung urang, ngan aya saratna sarupa, nya eta lalaki urang kabeh kudu disarunatan sakumaha maranehanana.

²³ Lain bakal jadi anu urang ingon-ingonna jeung sagala kabogana teh? Anu matak keun maranehanana sina caricing di urang."

²⁴ Warga eta kota kabeh satuju kana kasauran Hemor jeung Sekem kitu, sarta seug sakur anu lalaki mah kabeh disarunatan.

²⁵ Tilu poe ti sanggeus maranehna disarunatan, keur meumeujeuhna nyeri, aya putra Yakub duaan, Simeon jeung Lewi raka-rakana Dinah tea nyulumun ka jero kota ngajingjing gobang, sarta terus ngamuk maehan lalaki-lalaki urang dinya,

²⁶ kaasup Hemor jeung Sekem, ari Dinah dibawa balik ti imah Sekem.

²⁷ Sanggeus eta putra-putra Yakub nu sejenna ngaranjah kota mangmaleskeun saderekna anu istri anu geus dinajiskeun.

²⁸ Maranehna nyarokotan embe jeung domba, sapi, kalde, jeung sagala rupa deui boh nu dijero kota, boh nu di tegalan.

²⁹ Rajakaya harta banda urang dinya, kitu deui wanita-wanita jeung barudak dirayah dijarah, imah-imah urang dinya sagala eusina diringkid.

³⁰ Simeon jeung Lewi ku Yakub diseukseukan, saurna, "Maraneh wungkul nyusahkeun ka Ama. Urang dieu, urang Kanaan jeung urang Pares bakal ngamusuh ka Ama. Upama maranehna sakait ngahiji terus ngabales ngagempur, urang kabeh bakal tumpur, sabab balad Ama henteu loba."

³¹ Tapi putra-putrana ngawalon, "Abdi henteu suka gaduh adi digeugeuleuh sapertos ka awewe palacuran bae."

35¹ Allah ngandika ka Yakub, "Maneh kudu pindah ka Betel, urut maneh nyieun altar keur ka Allah, anu nembongan basa maneh kabur nyingkiran dulur maneh Esau."

² Ti dinya Yakub marentahkeun kulawargina jeung sakabeh jelema anu caricing di anjeunna, saurna, "Kumpulkeun sagala patung anu ku maraneh sok dipiallah. Terus maraneh marandi, salin ku nu bersih.

³ Urang pindah ti dieu ka Betel, tempat kami bareto ngadegkeun altar paranti ngabakti ka Allah, anu geus nulung kami mangsa keur kabalangsak, jeung teu kendat-kendat nyarengan boh di mana, boh di mendi."

⁴ Tuluy patung-patung sesembahan teh diserenkeun ka Yakub, kitu deui masing-masing papaes ceuli. Ari ku anjeunna terus dikubur di handapeun tangkal kiara anu pernahna deukeut ka Sekem tea.

⁵ Yakub sapala putra enggeus leut ngaleugeudeut seja ngalih. Kota-kota sakuriling eta pada ngarasa gimir, nu matak caricing bae teu daek ngudag.

⁶ Aleutan Yakub geus cunduk ka nagri Lus, anu ayeuna mah disebutna teh Betel, di tanah Kanaan.

⁷ Anjeunna ngadegkeun altar di dinya, sarta tempatna dingaranan El-Betel, hartina Allah anu disembah di kota Betel. Dumeh keur basa anjeunna kabur nyinkahan saderekna tea, Allah nembongan ka anjeunna di dinya.

⁸ Geus kitu Debora, emban Rabeka, maot, dikuburkeun di landeuheun tangkal kiara di Betel, sarta tempatna dingaranan "Kiara Panyeungceurikan", ayana kiduleun Betel.

⁹ Basa Yakub mulang ti Mesopotami tea, Allah nembongan deui ka anjeunna sarta maparin berkah.

¹⁰ Pangandika-Na harita ka anjeunna, "Ngaran maneh Yakub. Tapi ti semet ieu ngaran maneh teh Israil." Nya ti harita jenenganana teh Israil.

¹¹ Kieu deui pangandika-Na ka anjeunna, "Kami, Allah Nu Maha Kawasa. Maneh sing reuay anak. Maneh baris loba turunan, aya nu baris jaradi raja. Turunan maneh baris mangpirang-pirang lobana, baris jadi bangsa.

¹² Tanah anu ku Kami dibikeun ka Ibrahim jeung Ishak, ka maneh oge, nya kitu deui ka turunan maneh, rek dibikeun."

¹³ Sanggeus ngandika kitu, Allah ngantunkeun Yakub.

¹⁴ Ti dinya Yakub nangtungkeun hiji batu keur pangeling-eling, tuluy ditahbiskeun, dikucuran anggur jeung minyak jetun.

¹⁵ Nya tempatna ku anjeunna dingaranan Betel.

¹⁶Ti Betel leut deui ngaleut. Sanggeus lalampahanana kira-kira sajongjonan deui ka nagri Eprata, Rahel babar. Babarna hese beleke.

¹⁷Dina keur meumeujeuhna nyeri, parajina ngalilipur kieu, "Kedah sabar. Murangkalihna pameget deui."

¹⁸Tapi Rahel geus taya harepan. Memeh cekleuk panungtungan kabujeng keneh maparin ngaran ka murangkalih, Ben Oni. Tapi ku ramana dingaranan Binyamin.

¹⁹Sanggeus Rahel pupus, dikurebkeunana di sisi jalan ka Eprata, anu ayeuna mah disebutna teh Bethlehem.

²⁰Kuburanana ku Yakub diberean tutunggul. Eta tutunggul kuburan Rahel aya tepi ka kiwari.

²¹Ti dinya Yakub maju deui, deg ngadegkeun pasanggrahan di hiji tempat anu paeunteung-eunteung jeung munara Eder.

²²Waktu Israil matuh di eta tanah, Rubin jinah jeung salah sahiji parekan ramana nu ngaranna Bilha. Sanggeus kauninga, Yakub pohara benduna. Putra-putra Yakub kabehna dua belas.

²³Anu ti Lea: Rubin, cikalna, terus: Simeon, Lewi, Yuda, Isaskar jeung Sebulun.

²⁴Putra ti Rahel: Yusup jeung Binyamin.

²⁵Putra ti emban Rahel nu ngaranna Bilha: Dan jeung Naptali.

²⁶Putra ti Silpa emban Lea: Gad jeung Aser. Eta putra-putrana nu pameget anu dilahirkeun di Mesopotami.

²⁷Yakub sumping ka Ishak ramana di Mamre, deukeut Hebron, panglinggihan Ibrahim jeung Ishak bareto.

²⁸Ishak pupus dina yuswa 180 taun.

²⁹Anjeunna pupus dina yuswa geus kacida sepuhna. Dikurebkeunana ku Esau jeung Yakub, putrana.

36 ¹Ieu turunan-turunan Esau, anu disebut oge Edom:

²Esau nikah ka urang kanaan, ka Adah binti Elon urang Het, jeung ka Oholibama binti Ana, putu Sibeon urang Hiwi,

³jeung ka Basmat binti Ismail, rayina Nebayot.

⁴Putra Esau ti Adah nya eta Elipas, ti Basmat putrana teh Rehuel.

⁵Ari ti Oholibama putrana teh Yehus, Yalam jeung Korah. Eta putra-putra Esau anu lalaki, dilahirkeunana kabeh di tanah Kanaan.

⁶Ti dinya garwa-garwana, pala putra lalaki awewe kitu deui sakabeh jiwa eusi bumina, katut ingon-ingon jeung sakabeh babandaanana beubeunangan ti tanah Kanaan, ku Esau dicandak ka tanah sejen, ngantunkeun Yakub rayina.

⁷Pangna ngalih, lantaran eta tanah geus taya petana bisa dicalikan reureujeungan, kawantu

rajakaya jeung ingon-ingon masing-masing kacida lobana.

⁸Ku sabab kitu Esau matuhna teh di pagunungan Edom.

⁹Ieu turunan Esau, karuhun bangsa Edom.

¹⁰(36: 10-13) Elipas, putra ti geureuha nu ngaran Adah, kagungan putra lima lalaki nya eta: Tman, Omar, Sepi, Gatam jeung Kenas. Aya deui putra lalaki ngaranna Amalek, ieu mah putra ti parekan, Timna. Rehuel, putra Esau ti geureuha nu ngaran Basmat, kagungan opat putra lalaki nya eta: Nahat, Serah, Syama jeung Misa.

¹¹(36: 10)

¹²(36: 10)

¹³(36: 10)

¹⁴Ari ti geureuha nu ngaran Oholibama binti Ana putu Sibeon, putrana Yehus, Yalam jeung Korah tea.

¹⁵Ieu kaom-kaom turunan Esau: Putra Esau anu cikal, Elipas tea, jadi karuhun kaom Tman, kaom Omar, kaom Sepo, kaom Kenas,

¹⁶kaom Korah, kaom Gatam, jeung kaom Amalek. Eta kabeh turunan Esau ti geureuhana nu ngaran Adah.

¹⁷Ari putrana anu jenengan Rehuel, jadi karuhun kaom Nahat, kaom Serah, kaom Syama jeung kaom Misa. Eta kabeh turunan Esau ti geureuhana nu ngaran Basmat.

¹⁸Turunan Esau ti geureuhana nu ngaran Oholibama binti Ana nya eta kaom Yehus, kaom Yalam jeung kaom Korah.

¹⁹Eta kaom-kaom kabeh turunan Esau, Edom tea.

²⁰(36: 20-21) Pribumi asli tanah Edom dibagi ku kaom-kaom nurutkeun ngaran luluhurna, putra-putra Seir urang Hori, nya eta: Lotan, Sobal, Sibeon, Ana, Dison, Eser, jeung Disan.

²¹(36: 20)

²²Lotan jadi karuhun kaom Hori jeung kaom Heman. (Lotan kagungan saderek istri, Timna.)

²³Sobal jadi karuhun kaom Alwan, kaom Manahat, kaom Ebali, kaom Syepo jeung kaom Onam.

²⁴Ari Sibeon kagungan dua putra lalaki, nya eta: Aya jeung Ana. (Ana teh anu manggih sababaraha cinyusu di gurun keusik basa keur ngangon kalde anu ramana.)

²⁵(36: 25-26) Ana teh ramana Dison, karuhun warga-warga Hemdan, Esban, Yitran, jeung Keran. Ana kagungan oge putra istri, jenenganana Oholibama.

²⁶(36: 25)

²⁷Ari putra-putra Eser nya eta Bilhan, Saawan jeung Akan.

²⁸Ari putra-putra Disan nya eta Us jeung Aran.

²⁹ (36: 29-30) Ieu ngaran kaom-kaom Hori di tanah Edom, nya eta: Lotan, Sobal, Sibeon, Ana, Dison, Eser, jeung Disan.

³⁰ (36: 29)

³¹ (36: 31-39) Samemeh anak putu Israil boga raja, tanah Edom teh patuturut diparentah ku raja-raja bangsa Edom. Raja anu mimiti marentah di tanah Edom nya eta: Bela bin Beor, ti Dinhaba. Yobab bin Serah ti Bosra. Husam ti wewengkon Tman. Hadad bin Bedad ti Awit, anu ngelehkeun urang Midian di tanah Moab. Samla ti Masreka. Saul ti Rehobot sisi walungan. Baal Hanan bin Akbor. Hadad ti Pahu (garwaanana ka Mehetabel putra Matred putuna Mesahab).

³² (36: 31)

³³ (36: 31)

³⁴ (36: 31)

³⁵ (36: 31)

³⁶ (36: 31)

³⁷ (36: 31)

³⁸ (36: 31)

³⁹ (36: 31)

⁴⁰ Ari kaom-kaom Edom turunan Esau, nurutkeun kaomna masing-masing, tanah pamatuhanana masing-masing, sanagarana-sanagarana, nya eta: Kaom Timna, kaom Alwa, kaom Yetet,

⁴¹ kaom Oholibama, kaom Ela, kaom Pinon;

⁴² kaom Kenas, kaom Tman, kaom Mibsar,

⁴³kaom Magdiel, kaom Iram. Ngaran-ngaran tanah pamatuhan tiap-tiap kaom katelah ku ngaran kaomna masing-masing.

37 ¹Ari Yakub matuhna di tanah tempat ramana ngumbara, Kanaan tea.

²Ieu lalakon anjeunna saterusna. Yusup geus jadi nonoman yuswa 17 taun. Sok ngiring ngangon jeung saderek-saderekna anu lahir ti parekan ramana, Bilha jeung Silpa tea. Mun aya kalakuan saderek-saderekna anu goreng, ku anjeunna sok dicarioskeun ka ramana.

³Yakub nyaahna ka Yusup leuwih ti batan ka putra-putra sejenna, kawantu dilahirkeunana sanggeus anjeunna sepuh. Seug dipangdamelkeun raksukan anu warna-warni.

⁴Ku sabab sakitu diugung-ugungna, saderek-saderekna pohara mikangewana, nyaritana oge ka Yusup mah tara aya leuleuy-leuleuyna.

⁵Hiji mangsa Yusup nyarioskeun impian. Saderek-saderekna beuki arijideun.

⁶Kieu saur Yusup, "Abdi ngimpi.

⁷Urang keur marangkek gandum di huma. Dak dumadak beungkeutan gandum abdi hudang terus nangtung. Ari beungkeutan-beungkeutan gandum nu Akang terus ngararubung sarta sarujud ka nu abdi."

⁸"Jadi maneh teh ngira rek jadi raja jeung marentah ka dewek kabeh?" saur

saderek-saderekna anu beuki arijideun,
pedah Yusup ngimpi kitu jeung nyaritakeun
eta impian ka maranehanana.

⁹Teu lila, Yusup nyarioskeun impian deui
ka saderek-saderekna, "Abdi ngimpi deui.
Panonpoe, bulan sareng bentang sawelas
sarujud ka abdi."

¹⁰Ka ramana oge dicarioskeun, atuh
diwewelingan, saurna, "Ngimpi naon eta teh!
Piraku Ibu, dulur-dulur, kitu deui Ama kudu
sarujud ka Enung?"

¹¹Saderek-saderekna beuki ngunek-ngunek.
Tapi ari ramana mah teu weleh ngamanahan.

¹²Dina hiji poe, waktu saderek-saderek
Yusup keur ngangon embe jeung domba
ramana di Sekem,

¹³Yakub ngalahir ka Yusup, "Dulur-dulur
Enung keur ngarangon di Sekem. Enung ku
Ama arek dititah ka ditu." "Mangga," saur
Yusup.

¹⁴Saur ramana deui, "Jung longok dulur
teh ku Enung, naha calageur, kumaha
ingon-ingon marulus? Geus kitu Enung
mah balik deui bae, bebeja ka Ama." Bral
Yusup angkat ti Hebron, piwarangan ramana.
Cunduk ka Sekem,

¹⁵Yusup udar-ider milarian. Jol aya nu
nyampeurkeun, terus nanya, "Neangan saha,
Ujang?"

¹⁶ Yusup, "Milarian dulur-dulur, nuju ngarangon di wewengkon ieu. Manawi uninga, di mana?"

¹⁷ Jawabna, "Geus parindah. Kadengena mah badamina teh rek ka Dotan." Ku Yusup disusul ka Dotan, kapendak.

¹⁸ Ti kajauhan keneh ku saderek-saderekna geus katembong. Seug pada sakait, Yusup rek dipaehan.

¹⁹ Salaurna, "Tuh si tukang ngimpi!

²⁰ Urang paehan, bangkena alungkeun ka jero sumur. Bejakeun bae dihakan ku sato galak. Hayang nyaho impianana teh bukti atawa moal."

²¹ Omongan maranehanana kadenggeeun ku Rubin sarta manehna hayangeun nulungan Yusup. Pok ngomong, "Ulah dipaehan.

²² Asupkeun bae ka ieu sumur di tanah gurun, ulah dirogahala." Maksud Rubin, Yusup rek dihanjatkeun ririkipan sina terus mulang ka ramana.

²³ Barang Yusup cunduk, bol-bol dijewang raksukanana ku saderek-saderekna.

²⁴ Kek direjeng, tuluy diasupkeun kana sumur saat.

²⁵ Tas kitu, saderek-saderekna terus barang dahar. Sabot ngariung, aya kapilah kaom Ismail ngaliwat, tas ti tanah Gilad. Onta-ontana pinuh dimomotan ku damar jeung bungbu-bungbuuan rek dibawa ka Mesir.

²⁶Saur Yuda, "Naon untungna maehan dulur tur kudu rarasiahан?

²⁷Mending urang jual si Yusup teh tuh ka kaom Ismail, ti batan dipergasa mah. Di lain-lain oge manehna teh dulur urang, tunggal sagetih sadaging." Dulur-dulurna rempug.

²⁸Sanggeus sudagar-sudagar urang Midian tea dareukeut, Yusup dihanjatkeun ku saderek-saderekna, terus dijual ka eta sudagar-sudagar, pangaji dua puluh potong perak, terus dibawa ka Mesir.

²⁹Rubin ka sumur deui, terus nempoan. Barang katangen yen Yusup geus teu aya, Rubin nyosoek pakeanana awahing ku sumpeg.

³⁰Terus mariksa ka saderek-saderekna, saurna, "Dikamanakeun budak teh? Kumaha ari geus kieu?"

³¹Sanggeus badami, maranehna meuncit embe hiji. Raksukan Yusup dicelupkeun kana getih embe.

³²Tuluy disanggakeun ka ramana bari akon-akon, "Abdi mendakan ieu. Leres kitu ieu teh raksukan putra Ama?"

³³Ramana apal kana eta raksukan, tuluy ngalahir, "Enya geuning pakean anak kami! Anak kami dihakan ku sato galak! Moal salah Yusup geus disasaak!"

³⁴Yakub nyosoeh anggoanana awahing ku nalangsa, tuluy salin ku anggoan tina

kaen karung. Lila pisan anjeunna ngaraos nalangsana ku hal Yusup teh.

³⁵ Putra-putrana istri pameget kabeh ngalilipur, tapi anjeunna teu kersaeun dililipur, sarta saurna, "Masing nepi ka dug ka kubur oge kami arek terus nyeungceurikan eta anak kami." Jadi anjeunna terus bae kaleleban ku Yusup putrana.

³⁶ Ari Yusup, di Mesirna ku urang Midian teh dijual ka Potipar, kapala kawal karaton raja.

38 ¹Harita Yuda indit ninggalkan dulur-dulurna, ngadon cicing di hiji jelema anu ngaran Hirah, anu asalna ti Adulam.

²Hiji mangsa nenjo hiji wanita, anakna urang Kanaan nu ngaran Sua, tuluy dikawin.

³Sanggeus kakandungan terus ngalahirkeun, anakna lalaki, dingaranan Er.

⁴Boga deui anak, lalaki, dingaranan Onan.

⁵Anakna anu katilu lalaki deui, dingaranan Selah. Waktu Selah lahir, Yuda geus pindah ka Kesib.

⁶Pikeun bojo putra cikalna anu ngaran Er, Yuda milih Tamar.

⁷Tapi Er nyieun pibendueun PANGERAN, nyieun hiji kajahatan. Ku sabab kitu ku PANGERAN dicabut nyawana.

⁸"Eta randa akangna teruskeun pirabi ku maneh," ceuk Yuda ka Onan dulurna Er. "Wajiban sakumaha mistina, neruskeun kawajiban akangna, supaya lanceuk maneh aya turunanana."

⁹Ari Onan, ku sabab nyaho yen anak ti eta awewe lain eukeurna, nu matak unggal sapatemon jeung eta, cimanina sok dikana taneuhkeun, ngarah lanceukna teu boga turunan.

¹⁰PANGERAN bendu, nu matak Onan oge dicabut nyawana.

¹¹Ceuk Yuda ka Tamar, "Balik bae heula ka bapa Nyai, ngadago Selah anak bapa akil baleg." Nitah kitu soteh pedah risi, bisi Selah oge dicabut nyawana kawas lanceuk-lanceukna. Tamar balik ka bapana.

¹²Rada lila ti harita, bojo Yuda tea maot. Sanggeus waktu-waktu sungkawana kaliwat, Yuda indit ka Timna, duaan jeung Hirah sobatna, urang Adulam tea, rek nyukuran domba.

¹³Aya nu bebeja ka Tamar, pokna, "Mitoha Nyai ayeuna keur ka Timna, rek nyukuran domba."

¹⁴Tamar dangdan, papakean rarandaanana diganti ku pakean biasa, ari beungeutna buni make cindung. Bral leumpang ka Enaim, hiji lembur sisi jalan ka Timna, tuluy ngajanteng di lebah kaca-kaca. Tamar geus nyahoeun yen Selah anak Yuda nu lalaki ayeuna geus sawawa, tapi tacan bae diamprokkeun ka manehna.

¹⁵Ana katenjo ku Yuda, panyanana awewe bangor. Teu wawuheun kawantu buni dicindung.

¹⁶Ku Yuda disampeurkeun ka sisi jalan. Ceuk Yuda, "Nyai, urang pelesir." Panyanana iain minantuna. Tembal Tamar, "Bade ku naon mayarna?"

¹⁷Ceuk Yuda, "Ku embe bae, engke ku Akang dikirimkeun." "Mangga," tembal Tamar, "nanging kedah nganggo barang tanggungan, kangge tawis moal jalir."

¹⁸Ceuk Yuda, "Hayang ku naon?" Tembal Tamar, "Ku eta bae, cap sareng rantayna, sareng eta teteken." Sok barangna diserenkeun, tuluy sapatemon. Lila-lila Tamar ngandung.

¹⁹Harita Tamar tuluy balik, cindungna dibuka, rap make deui pakean rarandaanana.

²⁰Ti dinya Yuda ngirimkeun embe keur pamayar, dianteurkeun ku sobatna urang Adulam tea sarta barang nu dipake tanggungan kudu dipenta. Tapi anu diteang teu kapanggih.

²¹Seug ditanyakeun, "Di mana rorompokna awewe bangor urang Enaim teh?" Jawabna, "Da di dieu mah ti kapungkur oge teu aya awewe bangor."

²²Sobat Yuda balik, bebeja, "Teu kapanggih. Ceuk keterangan, ti bareto oge di dinya mah teu aya awewe bangor."

²³Ceuk Yuda, "Kajeun atuh. Hanas barang lapur, geus bae teu kudu dipapay, bisi matak disaleungseurikeun. Boro dikirim embe, ari heug henteu kapanggih."

²⁴ Heuleut tilu bulan aya anu bebeja ka Yuda, pokna, "Nyi Tamar, mantu Bapa, gaduh kalakuan sapertos awewe bangor, ayeuna keur ngandung." Jawab Yuda, "Duruk awakna, sina paeh."

²⁵ Waktu rek diduruk, Tamar nitahan jelema sina ngomong ka mitohana, kieu, "Abdi ngandung teh ku lalaki anu gaduh barang ieu: Cap sareng rantayna, sareng teteken. Mangga barangna tingalian."

²⁶ Yuda ujug-ujug wawuh kana barangna. Ceuk Yuda, "Bener manehna, aing nu salah. Henteu buru-buru dikawinkeun ka Selah anak aing." Ti harita, tetep Yuda henteu sapatemon deui jeung Tamar.

²⁷ Barang geus deukeut kana waktuna Tamar ngalahirkeun, kanyahoan yen kakandunganana kembar.

²⁸ Waktuna keur diheujeunkeun, orok nu hiji kaluar leungeunna heula. Ceg ku parajina dicekel, tuluy leungeunna dibeungkeut ku benang beureum, sarta ceuk parajina, "Ieu lanceukna."

²⁹ Tapi eta leungeun teh ngalepot deui, ana borojol anu kaluar teh orok nu hiji deui. Ceuk parajina, "Na utun, bedas-bedas teuing ngaborojol teh!" Ku kituna seug dingaranan Peres.

³⁰ Ti dinya kakara nu hiji deui kaluar, anu leungeunna geus dibeungkeut ku benang beureum tea. Tuluy dingaranan Serah.

39¹ Geus dicaritakeun yen Yusup ku kaom Ismail dibawa ka Mesir, terus digaleuh ku Potipar, kapala kawal karaton.

²Tapi Yusup disarengan ku PANGERAN, sagala lampahna mulus. Ari cicingna di gedong juraganana, urang Mesir tea.

³Juraganana geus waspada yen Yusup ditangtayungan ku PANGERAN, da sagala cabakna ngan kabiruyungan bae.

⁴Ngagandekna ku Potipar kaanggo pisan, nepi ka diangkat jadi purah ngurus gedong katut eusina sapuratina.

⁵Ti semet diurus ku anjeunna rajakaya jeung harta banda eta urang Mesir teh aya berkah ti PANGERAN, boh nu aya di gedong boh nu aya di kebon.

⁶Saniskara urusan ku Potipar diselehkeun ka Yusup, anjeunna mah geus tara pipilueun, iwal ti urusan tuangeun keur salirana. Ari Yusup nya kasep nya tegep dedeganana.

⁷Lila-lila geureuha juraganana kapincut, ka Yusup rajeun melong, tungtungna waleh, saurna, "Urang ngedeng jeung kami."

⁸Ku Yusup ditolak, saurna, "Abdi ku juragan pameget parantos dipercanten ngurus gedong saeusina, anjeunna mah tara milu-milu uninga. Sagala kagunganana sina diurus ku abdi.

⁹Sagala rupi di ieu gedong dikawasakeun ka abdi, teu aya anu diulahkeun, lintang ti ka juragan istri, geureuhana. Paliyas abdi

ngabales ku lampah anu sakitu kotorna tur matak dosa ka Allah."

¹⁰Unggal-unggal poe eta istri teh ngagoda bae, tapi Yusup tagen teu kasasarkeun, pangajak juragan istri teu didangu.

¹¹Ari dina hiji poe, waktu Yusup rek nedunan papancen, di gedong teh sepi teu aya sasaha.

¹²Gep juragan istri ngajewang ka Yusup kana anggoanana, sarta saurna, "Sok, urang ngedeng jeung kami." Yusup nerejel terus lumpat kaluar, kari raksukanana bae dicecepeng ku juragan istri.

¹³Barang eling yen keur nyenyepeng eta raksukan sarta Yusupna lumpat,

¹⁴juragan istri ngagorowok ka pagawe-pagawe gedong. Ti dinya saurna, "Deuleu ieu! Juragan pameget ngasupkeun eta urang Ibrani ka gedong, kari-kari eta jelema teh jadi kurang ajar. Bieu asup ka kamar kami, ngajak serong. Kami jejeritan.

¹⁵Ku sabab kami jejeritan, manehna ngagurinjal terus kabur kaluar. Ieu bajuna, katinggaleun di gigireun kami."

¹⁶Eta raksukan ku anjeunna disimpen nepi ka juragan pameget sumping.

¹⁷Nyariosna ka carogena oge kawas tadi bae, saurna, "Eta badega Akang, urang Ibrani tea anu ku Akang dicandak ka gedong, tadi asup ka kamar abdi bari teu uni, niatna ngaheureuyan ka abdi.

¹⁸Ku margi abdi jejeritan, manehna kabur kaluar, papakeanana tinggaleun di kamar."

¹⁹Dunungan Yusup pohara benduna.

²⁰Yusup ku anjeunna ditangkep terus diselehkeun ka panjara, paranti ngabui sakitan-sakitan anu dihukum ku raja.

²¹Tapi Yusup ditangtayungan ku PANGERAN nepi ka jadi kanyaah sipir, meunang kurnia,

²²dipercaya ngurus sakitan-sakitan sejenna. Yusup enya-enya pisan ngajalankeun papancenna.

²³Sipirna mah geus tara nyaho-nyaho, kabeh kumaha Yusup bae, tina katembong mulus sagala lampahna, lantaran ditangtayungan ku PANGERAN.

40¹Hiji mangsa, mantri nu ngurus leueuteun jeung mantri nu ngurus katuangan raja Mesir baroga dosa ka gustina.

²Raja pohara benduna ka eta dua ponggawa.

³Duanana diselehkeun ka panjara anu ayana di gedong kapala kawal karaton tea, nu dipake ngerem Yusup.

⁴Ku eta kapala, Yusup dibakukeun purah ngalalayanan aranjeunna. Eta dua ponggawa dipanjarana teh teu wudu lila.

⁵Hiji peuting, eta ponggawa-pongawa raja Mesir teh ngarimpi, anu pihartieunana teu sarua.

⁶Isukna ku Yusup kasampak keur tingharuleng.

⁷ Seug ditaros, "Ku naon Juragan teh sapertos anu ngarangluh?"

⁸ Walonna, "Puguh tadi peuting ngimpi. Ku taya anu bisa nerangkeun ilapatna." "Allah anu maparin katiasa pikeun nerangkeun impi-impian teh," saur Yusup. "Cobi carioskeun ngimpen naon."

⁹ Mantri nu ngurus leueuteun raja nyarita, "Kami ngimpi aya tangkal anggur, ujug-ujug jadi di hareupeun.

¹⁰ Dahanna aya tilu, sarta harita keneh daraunan, karembangan, terus baruahan nepi ka asak.

¹¹ Ari kami keur nyekel lumur raja, seug anggur teh ku kami dipetik terus diperes kana lumur, geus kitu dihaturkeun ka raja."

¹² Saur Yusup, "Tilu dahan hartosna tilu dinten.

¹³ Tilu dinten deui Juragan bakal dikaluarkeun, dipaparin ampun ku raja sareng dijenengkeun deui nyepeng damel sapertos tadina, jadi deui mantri nu ngurus leueuteun raja.

¹⁴ Saupami Juragan parantos mendak deui kagenahan, mugi sing emut ka sim abdi. Unjukkeun perkawis abdi teh ka raja, manawi jadi lantaran abdi dikaluarkeun ti ieu bui.

¹⁵ Sayaktosna abdi teh dipaling ti tanah Ibrani. Ayeuna aya di jero panjara oge sayaktosna mah teu gaduh kalepatan naon-naon."

¹⁶ Ngadenge eta keterangan sakitu genahna, pok mantri nu ngurus katuangan raja oge nyaritakeun impianana, "Kami mah ngimpi nyuhun tilu tetenong."

¹⁷ Dina tetenong nu pangluhurna aya rupa-rupa katuangan hancengan raja. Tapi eta katuangan teh kabeh diparacokan ku manuk."

¹⁸ Saur Yusup, "Tilu tetenong hartosna tilu dinten.

¹⁹ Tilu dinten deui Juragan oge bakal dikaluarkeun, nanging teras dihukum, ditugel mastaka. Salira Juragan bakal digantung di luhur tangkal teras diparacokan ku manuk."

²⁰ Tilu poe ti harita raja ngajamu mantri-mantri, sabab meneran poe weweton anjeunna. Mantri nu ngurus leueuteun jeung mantri nu ngurus katuangan disaur sina ka payuneun mantri-mantri sejenna.

²¹ Satulunya mantri nu ngurus leueuteun dijenengkeun deui.

²² Ari mantri nu ngurus katuangan mah terus digantung, cocog jeung anu diterangkeun ku Yusup.

²³ Tapi mantri nu ngurus leueuteun teh ari geus kitu mah lat bae ka Yusup teu inget-inget acan.

41 ¹Dua taun ti harita, raja Mesir ngimpen ngadeg di sisi Walungan Nil.

²Anjeunna ningali aya tujuh sapi lalintuh naker haranjat ti walungan terus nyaratuan.

³Beh deui ningali tujuh sapi sejen,
rarangkebong awahing ku begang-begangna,
haranjat ti walungan, nyalampeurkeun ka
sapi anu lalintuh.

⁴Seug nu lalintuh teh ku eta dileglegan taya
nu ngari. Nyah raja lilar.

⁵Ana kulem deui, ngimpen deui, ningali
gandum tujuh ranggeuy tina satangkal, nya
baleuneur nya parepel.

⁶Beh ningali tujuh ranggeuy deui barijil tina
satangkal, nya harapa nya parerang lantaran
katebak angin ti gurun keusik.

⁷Eta tujuh ranggeuy anu harapa teh
ngaleglegan ka nu baleuneur nepi ka beak.
Korejat raja tanghi, emut yen ngimpen.

⁸Nepi ka isukna manahna guling-gasahan.
Geus kitu, tukang-tukang sihir, jelema-jelema
pinter ti sa-Mesir diangkir kudu nerangkeun
impenan, tapi weleh taya nu sanggup.

⁹Ti dinya mantri nu ngurus leueuteun tea
miunjuk ka raja, "Kapungkur, nalika abdi
Gusti gaduh dosa,

¹⁰ku Gusti dihukum dikabuikeun, ka panjara
anu di gedong kapala kawal karaton, bareng
sareng mantri nu ngurus katuangan.

¹¹Hiji wengi abdi sareng pribadosna masing-
masing kenging impenan, masing-masing aya
hartosna.

¹²Eta impenan disanggemkeun ka hiji
nonoman urang Ibrani, sami-sami sakitan,
gandekna kapala kawal karaton. Ku eta

nonoman, impian abdi masing-masing diterangkeun pihartoseunana.

¹³Bet leres, keteranganana kabuktosan: Abdi Gusti dijenengkeun deui, pun mantri nu sanesna digantung."

¹⁴Raja miwarangan supaya Yusup disaur. Gancang Yusup dikaluarkeun ti panjara, diparasan jeung disalinan, tuluy dideuheuskeun ka raja.

¹⁵Timbalan raja ka Yusup, "Kami ngimpi, euweuh nu bisa nerangkeun. Aya nu nyarita ka kami, yen maneh bisa nerangkeun impian."

¹⁶Wangsulan Yusup, "Abdi Gusti mah teu pisan-pisan. Anging Allah nu iasa nerangkeun, sareng bakal kamanah ku dampal Gusti."

¹⁷Timbalan raja, "Kami ngimpi keur nangtung di sisi Walungan Nil.

¹⁸Beh aya tujuh sapi lalintuh naker haranjat ti walungan terus nyaratuan.

¹⁹Aya deui tujuh sapi garoreng patut, bararegang kari tulang. Di sa-Mesir, kami mah kakara nenjo aya sapi begang-begang teuing.

²⁰Eta sapi nu baregang teh seug ngaleglegan nu lalintuh.

²¹Tapi sakitu tas ngalegleg hiji ge taya nu jadi lintuh, angger bae rangkebong jiga tadina. Nyah kami lilir.

²² Sakali deui kami ngimpi, nenjo aya gandum tujuh ranggeuy dina satangkal, baleuneur jeung parepel, meujeuhna asak.

²³ Beh tujuh ranggeuy deui tina satangkal, hararapa jeung parerang katebak angin ti gurun keusik.

²⁴ Ieu tujuh ranggeuy nu harapa ngaleglegan ka nu baleuneur. Ku kami geus diomongkeun ka dukun-dukun, tapi saurang ge taya nu sanggup nerangkeun."

²⁵ Piunjuk Yusup ka raja, "Impenan Gusti, duanana sami hartosna. Allah parantos mintonkeun ka dampal Gusti naon pikersaeuna-Na.

²⁶ Tujuh sapi nu lalintuh, hartosna tujuh taun, sareng tujuh ranggeuy gandum anu pepel, eta oge nawiskeun tujuh taun. Duanana sahartos.

²⁷ Saparantos eta, tujuh sapi kuru sareng tujuh ranggeuy gandum anu hapa tur perang katebak angin ti gurun keusik, hartosna tujuh taun paceklik.

²⁸ Sapertos anu bieu ku abdi Gusti kapiunjuk: Allah parantos mintonkeun ka dampal Gusti naon pikersaeuna-Na.

²⁹ Di salebet tujuh taun, nagara Mesir bakal nyorang kamakmuran.

³⁰ Saparantos eta, bakal katarajang ku paceklik anu kalintang bangetna, lamina tujuh taun, dugi ka kamakmuran di salebet tujuh

taun nu kalangkung teh teu aya urut-urutna,
tigerat di sakuliah nagara.

³¹ Mangsa-mangsa makmur moal kaemut-emut deui, ku hebat-hebatna paceklik anu nuturkeunana.

³² Gusti ngimpen dugi ka dua kali, nun Gusti, eta nawiskeun yen Allah parantos ngadamel kapastian pijadieunana, tur bade enggal-enggal dibuktoskeun.

³³ Dampal Gusti kedah milari hiji jalmi, nu tarampil tur wijaksana, kanggo nyangking sareng ngatur bahan pangan rahayat Mesir.

³⁴ Sareng kedah ngangkat padamel-padamel purah ngatur-ngatur. Saperlima tina hasil tatanen salebet tujuh taun kamakmuran, kedah disimpen.

³⁵ Eta padamel-padamel kedah ngempelkeun katedaan samangsa taun-taun kamakmuran nu bakal dongkap. Eta sadayana kedah aya dina panalingaan dampal Gusti. Bahan-bahan tedaueun kedah disimpen sae-sae di gudang-gudang nagara sareng dijagi.

³⁶ Maksadna taya sanes, kanggo pibekeleun sanagara di mana paceklik anu tujuh taun tea dongkap ka ieu nagara, supados rahayat Mesir ulah kantos maraot ku langlayeuseun."

³⁷ Eta rarancang ku raja Mesir katut mantri-mantrina kamanah pisan.

³⁸ Dawuhan raja ka mantri-mantrina, "Saha deui jelema nu kawas ieu, kalinggihan Roh Allah?"

³⁹ Geus kitu dawuhanana ka Yusup, "Eta keterangan-keterangan maneh tetela asal ti Allah. Hamo aya anu leuwih pinter jeung wijaksana kawas maneh.

⁴⁰ Maneh pantes ngatur di karajaan kami, ditarurut ku sakumna rahayat. Euweuh nu leuwih luhur ti maneh kajaba kami, raja."

⁴¹ Dawuhanana deui, "Maneh ayeuna ku kami diangkat jadi kawasa di sakuliah Mesir."

⁴² Raja nyabut lelepen cap karajaan tina remana, dianggokeun ka Yusup. Rap Yusup dianggoanan anggoan tina linen lemes, tenggekna dianggoanan kangkalung emas.

⁴³ Clak ditunggangkeun kana kareta kadua tutungganganana raja. Heulaeun kareta aya palatuk purah ceceluk: "Hormat, bere jalan!" Kitu carana Yusup diangkat geusan mangkon kawasa di sakuliah Mesir.

⁴⁴ Ngadawuh deui raja ka anjeunna, "Kami raja. Tapi tanpa idin ti maneh, di sakuliah Mesir teu meunang aya nu ngajalankeun pokal naon-naon."

⁴⁵ Yusup ku anjeunna dipaparin jenengan bangsa Mesir, Sapnat-Paaneah, tuluy direndengankeun ka Asnat, putra istri Potifera, imam kota On. Geus kitu Yusup ngideran satanah Mesir.

⁴⁶ Basa mimiti ngabdi ka raja Mesir yuswa Yusup geus tilu puluh taun. Damelna papariksa ka sakuliah nagara.

⁴⁷ Sajero tujuh taun nagara teh mani lubak-libuk subur makmur, sagala tatanen ngajadi, cukul mucekil beunghar ku hasil.

⁴⁸ Sapanjang taun-taun anu makmur, sagala hasil bumi ku Yusup disimpel di gudang di kota-kota. Di ungal kota aya gudang hasil bumi ti wewengkon masing-masing.

⁴⁹ Hasil gandum mani kawas banjir, tinanding salobana keusik jero sagara, nepi ka teu ditaker-taker acan da geus lain taker-takereun.

⁵⁰ Memeh usum paceklik datang, Yusup geus kagungan dua putra ti Asnat geureuhana.

⁵¹ Duanana pameget. Nu cikal dijenenganan Menase, sabab saurna, "Ku kersaning Allah, aing geus hanjat tina balangsak, geus paler tina inget ka bapa sapala putra."

⁵² Nu kadua dijenenganan Epraim, karana saurna, "Di nagara urut aing kabalangsak, ku Allah dipaparin anak."

⁵³ Ti dinya, musim makmur tujuh taun di Mesir enggeus wekasan.

⁵⁴ Musim paceklik nu tujuh taun mimiti narajang, cocog sakumaha panorah Yusup. Di mana-mana, di nagara sejen geus meh taya dahareun, sabalikna di Mesir mah cukup kabina-bina.

⁵⁵ Tapi di Mesir oge saterusna mah geus mimiti aya bahla kalaparan. Rahayat jumerit ka raja. Ari dawuhan raja ka rahayatna,

"Maraneh ka Yusup bae, turut kuma dipetakeun ku anjeunna."

⁵⁶ Sanggeus sakuliah nagara keuna ku paceklik, tur paceklikna beuki rosa, Yusup muka gudang-gudang gandum, dijualan ka rahayat Mesir.

⁵⁷ Jalma-jalma ti nagara-nagara sejen oge murubul ka Mesir ngaradon meuli gandum, kawantu paceklik teh geus nerekab ka unggal nagara.

42¹ Yakub geus ngadangu yen di Mesir loba gandum. Seug nyaur pala putra, sarta saurna, "Ulah jarongjon bae, ku naon teu alihtiar?

² Bejana di Mesir loba gandum. Cik ka daritu meuli, supaya urang ulah nepi ka paraeh ku kalaparan."

³ Bral sapuluh saderek-saderek Yusup arindit ka Mesir rek mareuli gandum.

⁴ Tapi Binyamin, rayi tegesna Yusup mah teu dibikeun milu, sieun kuma onam.

⁵ Pala putra Yakub geus carunduk ka Mesir, bareng jeung abrulan sejen-sejenna nu pada arek ngaruyang, sabab sakuliah Kanaan oge katarajang paceklik.

⁶ Yusup, anu mangkon kawasa di satanah Mesir, ngicalna gandum ka unggal bangsa bae. Saderek-saderekna geus aya di payuneunana, sararujud ka anjeunna.

⁷ Barang gok ge Yusup teh jol-jol wawuh bae, tapi teu nyirikeun anjeun. Pok mariksa

bengis pisan, saurna, "Maraneh nu ti mana?"
Wangsulanana, "Sumuhun ti Kanaan, sumeja
ngiring meser tedaen."

⁸Maranehna mah kalinglap, teu saperti
Yusup ka maranehna.

⁹Ras Yusup emut ka nu kaimpenkeun
ngeunaan maranehna. Pok ngalahir deui,
"Maraneh mata-mata rek ngintip kalemahan
nagara kami."

¹⁰Wangsulanana, "Sanes, Gusti! Pang
dongkap teh sumeja meser tedaen bae.

¹¹Abdi Gusti sadayana padudulur. Sadayana
jalmi-jalmi jujur, sanes pisan mata-mata."

¹²Waler Yusup, "Ah puguh maraneh teh arek
ngintip melengna nagara kami!"

¹³Piunjuk maranehna, "Gusti, abdi-abdi teh
sadayana mah dua belas, tunggal sabapa,
di tanah Kanaan. Anu bungsu dikantun di
lembur sareng pun bapa, dupi anu hiji deui
parantos tilar dunya."

¹⁴Waler Yusup, "Geus! Ceuk kami tadi,
maraneh mata-mata!

¹⁵Pangakuan maraneh rek diuji. Demi
asmaning raja Mesir, kami sumpah: Maraneh
moal dileupaskeun, upama dulur maraneh
anu bungsu teu didatangkeun ka kami.

¹⁶Meunang balik saurang, sina nyokot eta
adi, bawa ka dieu. Nu sejen-sejenna ditahan,
rek dijaga masing keras, ngadago bukti
omongan maraneh. Upama teu bukti, demi
jayaning raja, tetela maraneh mata-mata."

¹⁷ Tutas sasauran kitu, geblus saderek-saderekna diasupkeun ka jero panjara, meunang tilu poe.

¹⁸ Dina katilu poena anjeunna sumping, saurna, "Kami teh nyembah ka Allah. Nu matak, mun maraneh hayang lila hirup kudu kieu:

¹⁹ Buktikeun kajujuran. Maraneh meunang balik, meunang mareuli gandum keur dahareun sakulawarga anu keur kalaparan. Tapi saurang tetep di tahan di dieu.

²⁰ Maraneh kudu daratang deui mawa dulur anu bungsu, geusan bukti benerna pangakuan maraneh, sangkan kami ulah nepi ka maehan maraneh." Saderek-saderekna kapaksa ngiringan.

²¹ Ti dinya seug ngaromong pada dulur, "Enya, talajak urang bareto ka Yusup teh telenges pisan, teu tolih kumaha nalangsana hatena basa menta dipikarunya. Ayeuna karasa wawalesna."

²² Ceuk Rubin, "Nu matak ceuk Akang ge bareto, ulah dikaniaya eta budak teh. Tapi maraneh teu ngagarugu. Ayeuna urang kudu naur wawales patina."

²³ Teu nyarahoeun yen sagala caritaanana kahartos ku Yusup, kawantu ari miunjuk ka anjeunna teh make juru basa.

²⁴ Yusup ngajengkat ka nu singkur, ngadon nangis heula. Sanggeus leler kakara nemonan

deui, ceg bae nyepeng ka Simeon. Red Simeon ditarogod hareupeun dulur-dulurna.

²⁵ Sanggeus kitu Yusup miwarangan supaya karung-karung maranehna diareusian. Ari duit pameulianana kudu diasupkeun kana karung masing-masing, jeung dipiwarang dibekelan dahareun keur di jalan. Prak dilalampahkeun.

²⁶ Geus kitu bral saderek-saderekna marulang marawa gandum beunang meuli, dimuatkeun kana kalde.

²⁷ Ari nepi ka panganrekan, aya nu muka karung bawana rek maraban kalde. Ana gorehel bet aya duitan.

²⁸ Atuh hariweusweus ka dulur-dulurna, pokna, "Ieu duit kuring mah bet dipulangkeun, aya di jero karung!" Atuh mani ngararenjag bari silih tenjo beungeut ditarung ku keketegan. Aromongna, "Ya Allah, bade dikumahakeun abdi-abdi teh?"

²⁹ Sanggeus cunduk ka Kanaan puk-pok nyaritakeun pangalaman ka ramana,

³⁰ "Nu nyepeng kawasa di ditu teh mariksana bengis pisan, malah nuding yen abdi sadaya mata-mata nu keur ngintip nagarana.

³¹ Nya teras unjukan deui, Abdi-abdi jalmi jujur, sanes mata-mata.

³² Abdi-abdi sadayana mah dua belas padudulur tunggal sabapa. Nu hiji parantos tilar dunya, nu hiji deui dikantun sareng pun bapa.

³³Tapi saurna teh, Hal eta ku kami rek diuji, enya henteuna maraneh jelema jujur. Dulur maraneh ku kami rek ditahan saurang, sesana meunang baralik mawa gandum, dahareun maraneh sakulawarga anu eukeur kalaparan.

³⁴Kudu daratang deui ka kami, bawa eta dulur anu bungsu. Mun geus bukti, kakara kami percaya yen maraneh jujur, lain mata-mata. Mun kitu heug, maraneh meunang nyorang ieu nagara, sarta dulur maneh nu ditahan dibikeun deui."

³⁵Ti dinya karung-karung diberkataan rek dibudalkeun. Ana gorehel dina karung masing-masing aya duitan. Sarerea, kitu deui ramana mani sarepa.

³⁶Pok ramana sasauran, "Ari maraneh bet nyieun-nyieun sangkan Ama kaleungitan anak. Yusup geus euweuh di kieuna. Simeon ditahan. Ayeuna Binyamin arek dibawa! Ama anu kudu kaleleban!"

³⁷Pok Rubin miatur ka ramana, "Saupami Binyamin teu kabantun wangsul deui, anak abdi lalaki anu dua paehan ku Ama. Sing percanten, Binyamin tangtos kabantun deui wangsul."

³⁸Waler Yakub, "Ulah, anak kami anu ieu mah moal dibikeun. Lanceukna geus ajal, kari ieu anak kami teh. Kumaha mun cilaka di jalan nepi ka hanteuna. Kami geus sakieu kolotna, hamo kuat nandangan prihatin

balukar ti maraneh. Paeh kami teh kitu-kitu teuing mah!"

43 ¹Paceklik di Kanaan beuki parna.

²Bahan dahareun pamili Yakub beunang bareto meuli ti Mesir geus koredas. Yakub sasauran ka pala putrana, saurna, "Mareuli deui dahareun ka ditu."

³Ditembal ku Yuda, "Ama, kapungkur oge abdi-abdi diancam ku nu kawasa di ditu, teu kenging datang deui upami henteu sareng si bungsu.

⁴Upami si bungsu diwidian mah milu, mangga ka ditu deui oge, meser tedaueun.

⁵Moal, abdi-abdi moal wantun ka ditu upami si bungsu henteu diwidian milu mah, margi saur nu ti ditu: Ulah datang-datang deui mun dulur maraneh nu hiji deui henteu kabawa."

⁶Saur Yakub, "Naha atuh bebeja boga keneh dulur sejenna? Nyieun pisusaheun Ama bae!"

⁷Dijarawab, "Ituna keukeuh naletekeun pamili urang saurna, Ari bapa maraneh aya keneh? Maraneh boga deui dulur? Kapaksa diwangsal satarabasna, manawi teh moal dugi ka marentah ngabantun pun adi."

⁸Yuda unjukan deui ka Yakub ramana, "Titipkeun Binyamin ka abdi, supados tiasa mios ayeuna keneh. Diengke-engke mah bilih urang maraot manten ku langlayeuseun, nya Ama, nya abdi-abdi, nya barudak.

⁹Perkawis Binyamin, ditanggel ku abdi. Abdi sumeja naruhkeun pati, ngabelaan. Upami

manehna teu tiasa kabantun deui wangsul
kalayan salamet sarta walagri, abdi sing ulah
jamuga satutup umur.

¹⁰Cobi upama teu talangke mah, tangtos
ayeuna teh parantos baralik deui ti ditu kadua
kalina."

¹¹Waler Yakub, "Nya ari geus teu beunang
diulah-ulah mah dalam dikumaha. Tapi kudu
babawaan ti dieu, keur tanda soca, bangsa
hasil ieu tanah sarwa saeutik, nu pangalusna:
kismis, madu, bungbu-bungbuhan, muncang,
jeung buah badam.

¹²Duit kudu mawa dua kalieun. Duit nu
bareto dipulangkeun kudu dibayarkeun, bisi ti
ditu kaliru.

¹³Heug si bungsu bawa, los geura bral.

¹⁴Mugi-mugi ku pitulung Allah Nu Maha
Kawasa, eta jelema teh sing aya welasna
ka maraneh, kersaeun ngaleupaskeun dulur
maraneh anu ayeuna ditahan di ditu, sarta
mulangkeun deui Binyamin. Mun kudu nepi
ka leungit anak, ari geus teu bisa sumingkir
deui mah Ama kari pasrah."

¹⁵Seug eta sadudulur teh nyadiakeun keur
kikintunan jeung duit dua kalieun, geus kitu
arindit ka Mesir jeung Binyamin. Sacundukna
ka Mesir, terus ngadareuheusan ka Yusup.

¹⁶Ana ningali yen Binyamin oge aya, geuwat
Yusup marentah hiji gandek, juru kawasa
bumina, saurna, "Ieu semah kami bawa ka

bumi. Meuncit sato hiji, maranehna ku kami rek dibawa tuang engke beurang."

¹⁷ Gandek tumut ka parentah, semah-semah dibawa ka gedong Yusup.

¹⁸ Ari maranehna dibawa ka gedong teh batি rarisi. Ceuk pikiran maranehanana, "Boa dibawa ka gedong teh dilantarankeun ku duit anu bareto dipulangkeun tea. Boa ujug-ujug breg bae diraponan terus dijieun budak beulian, kalde-kalde dirampas."

¹⁹ Nu matak, sanggeus nepi ka lawang gedong, maranehna ngomong ka juru kawasa bumi tea, pokna,

²⁰ "Juragan, abdi-abdi teh kapungkur meser tedaeu ti dieu.

²¹ Ari dongkap ka lembur, artos pameseranana teh bet aya di lebet karung masing-masing, palih luhur, tur teu aya nu coceng. Ayeuna eta artos teh dibantun.

²² Artos kangge meser deui oge ngabantun. Kapungkur teh duka saha anu ngalebetkeun eta artos kana lebet karung."

²³ Ari jawabna, "Tong jadi pikir. Teu kudu dipake risi. Anu neundeun eta duit ka jero karung teh tangtu Allah panutan aranjeun, panutan bapa aranjeun, da duit pamayaran tea mah bareto geus katarima." Geus kitu eta jelema teh ngaleupaskeun Simeon, dipasrahkeun deui ka maranehna.

²⁴ Sanggeus araya di gedong Yusup, eta jelema mawakeun cai keur maranehna karukumbah suku, ari maranehna terus maraban kalde.

²⁵ Sabot nunggu Yusup sumping palolohor, maranehna nyadiakeun keur tanda soca tea. Geus nyarahoeun yen engke beurang maranehna baris dalahar di dinya.

²⁶ Jol Yusup sumping, brek maranehna sarujud, terus nyanggakeun tanda soca.

²⁷ Pok Yusup papariksa, "Kumaha, calageur? Sabaraha taun umurna bapa maneh anu dicaritakeun bareto teh? Kumaha aya keneh, cageur?"

²⁸ Wangsulanna, "Pun bapa, gandek dampal Gusti, aya keneh sareng wilujeng." Bruk deui maranehna sarujud.

²⁹ Ret Yusup ka Binyamin, rayina teges, pok ngalahir, "Euh ieu, nya, adi bungsu anu dicaritakeun teh? Anaking, sing aya berkah ti Allah."

³⁰ Geus kitu gura-giru ka nu singkur, tina teu kawawa ku ngahelas ningali rayina. Cisocana meh teu kaampeuh, nu matak enggal ka kamar, segruk bae nangis.

³¹ Sanggeus ditamas kaluar deui bari mereketkeun anjeun, terus nimbalan sangkan sadia tuangeun.

³² Yusup misah meja, saderekna meja nu hiji deui, urang Mesirna anu bareng milu ngariung, misah deui, kawantu pikeun urang

Mesir mah ngahiji dahar jeung urang Ibrani teh hina.

³³ Meja Yusup sina paeunteung-eunteung jeung meja saderek-saderekna. Ari dariukna diatur dipanta-panta, ti nu pangkolotna panungtungan di nu pangorana. Diatur nurutkeun panta-panta umurna teh maranehna bati silih teuteup bari harookeun.

³⁴ Ari kadaharanana diberean tina meja Yusup. Hancengan keur Binyamin mah mani lima kalieun keur lanceuk-lanceukna. Brak balakecrakan, dalahar nginum jeung Yusup.

44 ¹Ti dinya Yusup marentah ka juru kawasa bumi, saurna, "Eusian karung-karungna sing dedet, sina kabawa ku sataker tanagana. Duit tameulianana asup-asupkeun deui ka jero karung masing-masing, teundeun pangluhurna.

²Lumur perak kami asupkeun kana karung anu bungsu, sakalian jeung duit tameulian gandumna." Prak dilampahkeun.

³Isukna, barang bray beurang maranehna geus dijurung laku, bral arindit nungtun kalde masing-masing.

⁴Sanggeus maranehna rada anggang ti kota, Yusup marentah ka juru kawasa bumi, saurna, "Gancang jelema-jelema nu tadi teh udag. Mun geus kaudag, maneh kudu ngomong kieu: Ku naon ari maraneh, mulang jahat ka nu mikanyaah?

⁵Ku naon maling lumur perak kami? Eta lumur paranti gusti kami ngaleueut, jeung paranti anjeunna norah. Kacida teuing eta kalakuan teh!"

⁶Sanggeus kasusul, seug gandek teh malikan kalimah gustina.

⁷Ari tembal maranehna, "Kumaha, Juragan? Naon maksadna eta kasaurah teh? Sageuy abdi-abdi gaduh emutan kana kitu.

⁸Dalah artos anu kapendak di lebet karung tea oge geuning disanggakeun deui ka Juragan. Teu wararantun teuing pulang-paling emas atanapi perak ti gedong panutan Juragan.

⁹Saupami eta lumur kapendak ti salah sawios abdi sadaya, jalmina paehan bae, sesana sumeja masrahkeun diri, rido jaradi badega."

¹⁰Jawabna, "Hade. Tapi nu rek dijieun badega mah saurang bae, anu malingna. Nu sejenna bebas."

¹¹Cag karung-karungna diecag-ecagkeun kana taneuh gagancangan, terus ditaruka ku masing-masing.

¹²Gandek Yusup mariksa mani taliti, mimiti ti karung nu cikal nepi ka karung nu bungsu. Gorehel, lumur teh kapanggih tina karung nu Binyamin.

¹³Bawaning ku ngenes-ngenesna, maranehna nepi ka nyarosoek papakean.

Geus kitu karung-karung teh dimuatkeun deui kana kalde, tuluy baralik deui ka kota.

¹⁴ Sacundukna Yuda sadudulur ka gedong Yusup, kasampak anjeunna keur ngantos. Bruk bae sadudulur teh pada meubeutkeun maneh kana taneuh payuneunana.

¹⁵ Yusup ngalahir, "Nahaon eta kalakuan kitu teh? Na teu kataksir yen eta kalakuan maraneh teh ku jelema saperti kami mah baris katorah?"

¹⁶ "Gusti, kumaha abdi-abdi nya kedah unjukan?" wangsul Yuda. "Kumaha nya bade mungkir? Kumaha nya kedah nembongkeun yen abdi-abdi beresih? Allah parantos nembrakkeun kalepatan abdi-abdi. Mangga sadayana damel badega, sanes mung anu kapendak nyumputkeun lumur bae."

¹⁷ Waler Yusup, "Hamo! Kami hamo kitu! Saurang bae anu rek dijieun badega mah. Anu sejen jung baralik ka bapa maraneh, aman, moal dikumamahakeun."

¹⁸ Cong Yuda nyembah, pok deui miunjuk, "Nun Gusti, manawi aya paidin, abdi Gusti sumeja nyanggakeun ieu piunjuk. Mugi Gusti teu jadi bendu. Gusti sasat Piraon ku manten.

¹⁹ Gusti kapungkur mariksa, Kumaha maraneh boga keneh bapa, atawa boga deui dulur?

²⁰ Wangsul abdi-abdi, Gaduh. Pun bapa parantos kolot, dulur saurang deui, bungsu, anu lahirna saparantos pun bapa kolot pisan.

Kaka teges eta barudak parantos tilar dunya.
Jadi ti biang tegesna mah mung kantun eta,
ku pun bapa kalintang dipideudeuhna.

²¹ Dugi pilahir Gusti, Bawa ka dieu, kami
hayang nyaho.

²² Ku abdi-abdi diunjukkeun ka Gusti, yen
eta budak teu kenging lesot ti pun bapa.
Saupami dugi ka papisah, tinangtos pun bapa
puput umur.

²³ Nanging pilahir Gusti, Lamun dulur
maraneh nu eta henteu kabawa, maraneh
ulah nete-nete deui ka dieu nemonan kami.

²⁴ Sadongkapna ka pun bapa, gandek
dampal Gusti tea, sugri pilahir Gusti teh
disanggemkeun.

²⁵ Lami-lami pun bapa ngajurung deui
abdi-abdi meser tedaueun ka dieu.

²⁶ Sanggem abdi-abdi henteu wantun,
reh diancam ku Gusti teu kenging deui
ngadeuheus, upami henteu sareng pun dulur.
Si bungsu kedah kabantun, nembe abdi-abdi
wantun mios. Kitu sanggem abdi-abdi ka pun
bapa.

²⁷ Ari sanggem pun bapa, Maraneh nyaho,
Ama boga anak ti indung tegesna teh ngan
dua.

²⁸ Nu saurang enggeus hilang, moal
salah disasaak sato galak, lantaran taya
beja-bejana.

²⁹ Ayeuna, lamun anu ieu oge kudu leupas ti
Ama, sarta nepi ka henteuna, atuh kami nu

geus sakieu kolotna teh sasat diturihan nya
hate ku maraneh, sina buru-buru paeh.

³⁰ Nun Gusti, upami ayeuna abdi-abdi
wangsl henteu sareng eta budak,
pisakumahaeun teuing remukna hate pun
bapa, jalaran nyawana parantos kacangcang
ku eta budak.

³¹ Tinangtos pun bapa teras ngalenggerek
dumugi kana patina. Nya tangtos abdi-abdi
keneh nu jadi lantaran pun bapa anu sakitu
kolotna gudawang hatena, temahna ajal
sapisan.

³² Sajabi ti kitu, abdi Gusti parantos
ikrar ka pun bapa, nanggel yen eta budak
baris salamet. Saupami eta budak henteu
kasanggakeun deui, abdi parantos sumpah
sing ulah jamuga satutup umur.

³³ Kitu nu mawi, nun Gusti, abdi bae
 gegentosna, anu ku Gusti kedah disiksa. Pun
 adi mah sanget-sanget nya panuhun mugi
 diwidian wangsl sareng lanceuk-lanceukna.

³⁴ Kumaha nya wangsl, saupami henteu
 sareng eta budak? Abdi Gusti moal kiat ningal
 pun bapa ngalaman nasib sial."

45¹ Yusup meh-mehan bae teu kiat
 mereketkeun anjeun di hareupeun para
 pagawena. Pok ngalahir bari ngagorowok,
 "Pagawe-pagawe kabeh kalaluar!" Sanggeus
 pagawe-pagawe teu aya saurang-urang acan,
 brak bae Yusup nembrakkeun anjeun ka
 saderek-saderekna.

²Brah cisocana bedah, nangis mani ngagukguk satarikna, kadarenge sumegrukna ku urang Mesir. Atuh gancang pisan bejana ka karaton raja.

³Ceuk Yusup ka saderek-saderekna, "Kuring teh Yusup! Kumaha Ama, bapa kuring, jumeneng keneh?" Maranehna anggur tingpoyongkod sarieuneun, nepi ka jarempling teu bisa ngajawab.

⁴Saur Yusup deui, "Ka darieu, sing dareukeut." Esod, esod, maranehna ngadareukeutan. Saur Yusup, "Kuring teh dulur aranjeun. Anu ku aranjeun dijual ka dieu ka Mesir.

⁵Ulah reuwas-reuwas. Jeung teu perlu nyalahkeun maneh pedah bareto ngajual kuring ka urang dieu. Eta saenyana geus kitu diaturna ku Allah. Ku Mantenna, kuring dikirim ti heula ka dieu, sangkan numbu umur aranjeun.

⁶Sabab ieu paceklik teh kakara dua taun. Lila keneh, lima taun deui, tur sapanjang eta moal aya usum melak, moal aya usum dibuat.

⁷Allah ngutus kuring ti heula ka dieu teh sangkan puguh bisa nulungan aranjeun ulah nepi ka pegat turunan. Kuring disina ti heula ka dieu, sangkan aranjeun loba anu katulungan ku kuring, jeung sangkan aranjeun ulah nepi ka paregat umur.

⁸Jadi, pangna kuring aya di dieu teh lain ku dumeh dipiceun-piceun teuing ku

aranjeun, tapi geus diatur ku Allah. Ku pitulung Mantenna, kuring ayeuna di dieu teh sasat jadi ramana raja Mesir, nyekel urusan sanagara, nyekel kawasa sanagara Mesir.

⁹Ayeuna geuwat marulang buru-buru. Bejakeun ka bapa kuring, kieu kituh ceuk Yusup putrana, Abdi ku Allah parantos dijadikeun anu kawasa di sakuliah nagara Mesir. Ama kedah enggal-enggal sumping ka abdi, ulah dilami-lami deui.

¹⁰Kangge pamatuhan parantos di sayagikeun di Gosen, supados Ama saputra putu pacaket sareng abdi. Embe, domba, sapi, sagala rupa bae kagungan Ama, candak.

¹¹Di Gosen mah Ama tiasa ditalingakeun ku abdi. Paceklik teh lima taun deui; abdi moal ngantep Ama sakulawargi dugi ka langlayeuseun, kitu keneh ingon-ingon."

¹²Yusup ngalahir deui, "Ayeuna dulur-dulur, jeung hidup oge, Binyamin, tangtu geus tenget enyaan yen kuring teh Yusup, lain nu lian.

¹³Bejakeun ka Ama, yen kuring di Mesir manggih kamulyaan tur kawasa kabina-bina. Sagala rupa anu ku aranjeun kasaksian di dieu, caritakeun ka Ama. Jung buru-buru Ama teh sina sumping ka dieu."

¹⁴Tutas sasauranana, gabrug anjeunna ngarangkul ka Binyamin rayina bari nangis. Binyamin oge ceurik bari montel ka anjeunna.

¹⁵ Geus kitu raka-rakana oge pada dirangkul dicuman jeung ditangisan.

¹⁶ Beja yen Yusup tepang jeung saderek-saderekna geus tepi ka raja di karaton. Raja sapara mantri sami-sami ngiring bingah.

¹⁷ Seug raja ngalahir ka Yusup, "Eta dulur-dulur kang putra sina ngamomotan sato umbalna, sina buru-buru marulang deui ka Kanaan.

¹⁸ Bapana kudu buru-buru dibawa ka dieu. Kitu deui maranehna sakulawarga kudu ka darieu deui, ngadeuheus ka kami. Ku kami rek dibere pigeusaneun matuh, tanah anu panghadena di Mesir. Perkara dahareunana, kami anu ngabayuan, tina hasil bumi anu panghadena.

¹⁹ Sina mawa kreta ti dieu, tumpakaneun anak pamajikanana, sarta bapana ulah teu kabawa.

²⁰ Perkara pakaya-pakaya anu ditinggalkeun di ditu teu kudu dipake lebar. Rek dibere gagantina, tanah-tanah anu pangsuburna di satanah Mesir."

²¹ Pala putra Israil tumut parentah. Ku Yusup dibahanan kreta sababaraha hiji, sakumaha timbalan raja. Bekel keur di jalan oge dicukupan.

²² Jaba ti eta pada dibere pisalin sapangadeg sewang. Malah ka Binyamin mah aya leuwihna, jaba ti papakean lima pangadeg teh masihan perak 300 potong.

²³ Ari keur ramana, kalde sapuluh pinuh ku muatan hasil bumi Mesir nomer hijina, sapuluh kalde deui dimuatan gandum, roti jeung warna-warna katuangan, baris tuangeun ingkang rama di jalan nuju ka Mesir.

²⁴ Geus kitu saderek-saderekna dijurung laku sarta saurna, "Di jalan teu kudu salempang."

²⁵ Bral marulang ka Kanaan, ka Yakub ramana.

²⁶ Sadatangna pada hariweusweus, "Yusup hirup keneh. Nu nyekel kawasa satanah Mesir teh horeng manehna!" Bis bae Yakub kapiuhan, reuwas jeung ku awahing teu percanten.

²⁷ Tapi sanggeus sagala pihatur Yusup tea dicaritakeun ka anjeunna, turug-turug beh kareta-kareta anu dibahankeun ku Yusup kanggo anjeunna angkat ka Mesir, pangacian anjeunna kumpul deui.

²⁸ Pok ngalahir, "Kami sugema kaliwat saking. Anak kami, Yusup, hirup keneh! Kami rek indit, rek manggihan, meungpeung hirup keneh."

46¹ Yakub ngepak barang-barangna, bral angkat ka Bersyeba, terus ngahaturkeun kurban ka Allah, panutan Ishak ramana.

² Peutingna, dina tetenjoan, Allah nimbalan, dawuhana-Na, "Yakub, Yakub!" Diwaler, "Nun, ieu abdi."

³Dawuhana-Na, "Kami Allah. Allah panutan bapa maneh. Ulah asa-asra rek indit ka Mesir teh. Rundayan maneh ku Kami rek dijieun bangsa gede di ditu.

⁴Maneh ku Kami rek dianteur indit ka Mesir. Ari turunan maneh baris dipulangkeun deui ka dieu. Mun maneh datang ka ajal, baris katungkulau ku Yusup."

⁵Bersyeba ku Yakub enggeus dikantun. Yakub, putu-putuna, jeung para wanita mantu-mantuna, ku pala putrana sina tarumpak kareta anu dikintun ku raja Mesir.

⁶Ingon-ingon katut sagala harta banda meunang ti Kanaan milu diakut ka Mesir. Kabeh nu jadi rundayan ku Yakub dicandak ngalih, nya eta:

⁷pala putra nu lalaki nu awewe, para putu nu lalaki nu awewe.

⁸Anggota kulawarga Yakub anu arindit ka Mesir jeung anjeunna nya eta Rubin, putrana anu cikal,

⁹jeung putra-putrana: Hanok, Palu, Hesron jeung Karmi.

¹⁰Simeon jeung putra-putrana: Yemuel, Yamin, Ohad, Yakin, Sohar, jeung saurang deui, ngaranna Saul, anak Simeon ti hiji wanita urang Kanaan.

¹¹Lewi jeung putra-putrana: Gerson, Kahat jeung Merari.

¹²Yuda jeung putra-putrana: Selah, Peres jeung Serah. (Putra-putra Yuda sejenna

anu lalaki, Er jeung Onan geus maraot di Kanaan.) Putra-putra Peres nya eta Hesron jeung Hamul.

¹³ Isaskar jeung putra-putrana: Tola, Pua, Ayub jeung Simron.

¹⁴ Sebulun jeung putra-putrana: Sered, Elon jeung Yahlel.

¹⁵ Eta putra-putra Yakub ti Lea anu dijurukeun di Mesopotami. Jeung hiji putra istri, Dinah. Jumlah turunan anjeunna ti Lea aya tilu puluh tilu urang.

¹⁶ Gad jeung putra-putrana: Sepon, Hagi, Suni, Esbon, Eri, Arod, jeung Areli.

¹⁷ Aser jeung putra-putrana: Yimna, Yiswa, Yiswi, Beria, jeung Serah dulur maranehanana anu awewe. Putra-putra Beria nya eta Heber jeung Malkiel.

¹⁸ Ieu anu genep belas urang turunan Yakub ti Silpa, asalna emban pamere Laban ka Lea putrana.

¹⁹ Putra Yakub ti garwana nu ngaran Rahel, nya eta Yusup jeung Binyamin.

²⁰ Di Mesir, Yusup kagungan dua putra pameget ti Asnat geureuhana putra Potifera, imam di kota On, nya eta Menase jeung Epraim.

²¹ Putra-putra Binyamin nya eta: Bela, Beker, Asbel, Gera, Naaman, Ehi, Ros, Mupim, Hupim jeung Arda.

²² Ieu anu opat belas urang turunan Yakub ti Rahel.

²³Dan jeung putrana, Husim.

²⁴Naptali jeung putra-putrana: Yahsel, Guni, Yeser jeung Silem.

²⁵Ieu anu tujuhan turunan Yakub ti Bilha, asalna emban pamere Laban ka Rahel putrana.

²⁶Jadi jumlah turunan Yakub anu landes, basa mimiti ngalih ka Mesir teh aya genep puluh genep jiwa, jaba deui bojo-bojo pala putrana.

²⁷Diitung jeung dua putra ti Yusup anu dilahirkeun di Mesir, pamili Yakub teh kabehna tujuh puluh jiwa.

²⁸Yakub ngajurung Yuda ti heula, sina ngawartosan ka Yusup yen anjeunna mundut diantosan di Gosen. Sanggeus aleutan Yakub cunduk ka wates Gosen,

²⁹Yusup angkat kana kareta, rek nepangan ingkang rama. Barang gok patepang, gabrug ngarangkul, pananganana meulit kana tenggek ramana. Gauk nangis lila pisan bari tipepereket nangkeup ka ramana.

³⁰Geus kitu Yakub ngalahir ka Yusup, "Bagea teuing Enung! Geuning Enung teh hirup keneh. Ayeuna mah Ama teh paeh ge rido, da jeung Enung geus papanggih."

³¹Ti dinya Yusup ngalahir ka saderek-saderek jeung wargi-wargi ramana, saurna, "Kuring kudu ngadeuheus unjukan ka raja yen aranjeun jeung Ama sakulawarga geus daratang ti Kanaan, araya di kuring.

³² Rek diterangkeun yen aranjeun tukang ngangon, maliara ingon-ingon, sarta eta pipiaraan kabeh dibawa ka dieu.

³³ Upama engke aranjeun ku raja disaur jeung dipariksa pagawean,

³⁴ ngajawabna ulah salah yen aranjeun ti bubudak hirup tina miara ingon-ingon sakumaha karuhun. Ku jalan kieu raja tangtu ngidinan aranjeun matuh di Gosen." Maksud Yusup mamatahan kitu teh lantaran urang Mesir mah kabeh oge henteu raresepeun ka tukang ngangon.

47 ¹Yusup ngadeuheus ka raja nyandak saderekna limaan, seug unjukan kieu, "Pun bapa sareng dulur-dulur parantos darongkap ti Kanaan. Pipiaraanana oge sareng sagala kagaduhna dibarantun ka dieu, ayeuna parantos araya di Gosen."

² Geus kitu Yusup ngunjukkeun saderek-saderekna tea ka raja.

³ Raja mariksa, "Naon pagawean maraneh?" Wangsulanana, "Abdi Gusti sadayana tukang angon, tumut ti karuhun.

⁴ Darongkap ka nagara Gusti, sumeja ngiring cicing di Mesir, wireh tanah Kanaan katarajang paceklik hebat, parantos teu aya jukut-jukut acan kangge ingon-ingon. Nyuhunkeun piwelas Gusti, sumeja ngiring cicing di tanah Gosen."

⁵Raja ngalahir ka Yusup, "Rama jeung dulur-dulur kang putra geus araya di kang putra.

⁶Tanah-tanah di Mesir aya dina kawasa kang putra. Pilih anu pangsuburna keur anjeunna jeung dulur-dulur. Harayangeun matuh di Gosen, teu aya halangan. Jeung upama ti dulur-dulur kang putra aya anu boga kamampuhan, hade sina ngurus ingon-ingon kami."

⁷Yusup ngadeuheuskeun oge Yakub ramana, ka raja. Yakub ngucapkeun wilujeng ka raja.

⁸Ku raja dipariksa, "Sabaraha taun umur Bapa?"

⁹Waler Yakub, "Sumuhun parantos 130 taun, salamina mung ngumbara. Upami dibandingkeun sareng karuhun-karuhun anu sami-sami tukang ngumbara, umur Bapa mah kalintang pondokna, sareng teu kendat dipuuk ku kasusah."

¹⁰Tutas ngadeuheus, Yakub neda undur ti payuneun raja.

¹¹Anjeunna ku Yusup geus dipatuhkeun di Mesir, kitu deui saderek-saderekna, dipaparin tanah milik anu pangalusna, pernahna di Rameses, numutkeun timbalan raja.

¹²Keur kaperluan tedaeanana, boh ramana, boh saderek-saderekna, katut sakumna pamili ramana nepi ka anu pangorana, dibayuan ku Yusup.

¹³ Paceklik beuki hebat. Saalam dunya teu boga dahareun. Rahayat Mesir jeung urang Kanaan, awakna enggeus lalungse nandangan kalaparan.

¹⁴ Ti dinya Yusup ngumpulkeun duit sisimpenan urang Mesir jeung urang Kanaan, anu disimpen keur mareuli gandum, tuluy dicandak ka karaton raja.

¹⁵ Sanggeus urang Mesir jeung urang Kanaan teu baroga deui duit sama sakali, urang Mesir daratang ka Yusup. "Nyuhunkeun tedaen," pokna. "Abdi-abdi ulah diantep sina paraeh langlayeuseun. Artos oge parantos teu gaduh pisan. Tulungan, Gusti!"

¹⁶ "Bawa ingon-ingon maraneh. Ke ku kami ditukeuran ku kadaharan ari geus teu baroga duit mah," waler Yusup.

¹⁷ Ahirna maranehna murubul marawa ingon-ingon ka Yusup, nu mawa kuda, nu mawa domba atawa embe, nu mawa sapi, nu mawa kalde, ditalukeurkeun kana bahan pangan. Sataun lilana kitu jeung kitu ngabagi-bagi bahan panganna, ditukeur jeung ingon-ingon.

¹⁸ Dina taun sanggeusna, rahayat pada waleh ka anjeunna, pokna, "Gusti, abdi-abdi waleh bae. Artos seep, ingon-ingon seep, sadayana parantos kacepeng ku Gusti. Abdi-abdi parantos teu gaduh serenkeuneun deui, kajabi ti tanah sareng badan sakujur.

¹⁹ Abdi-abdi ulah diantep sina maraot, enggal jait! Tanah abdi-abdi ulah dugi ka gaplah jeung gapong. Ieu diri abdi-abdi galeuh, tanah abdi-abdi candak, liron sareng tedaean. Sawios jadi badega raja sinareng lahan sawios jadi kagunganana, asal dipaparin binih, sangkan ulah maraot ku kalaparan, sareng lahan ulah kantos jadi keri."

²⁰ Seug sakabeh lahan di Mesir ku Yusup digaleuh baris ka raja, kawantu ku nu barogana dijarual, ku tina banget-bangetna paceklik. Sakabeh tanah sakuliah nagara geus jadi kagungan raja.

²¹ Ari rahayat, ti tungtung Mesir nepi ka tungtung Mesir deui ku Yusup digarawekeun jaradi kuli.

²² Tanah anu teu digaleuh ngan tanahna para imam. Para imam mah teu kungsi ngajarual tanah, kawantu mareunang sokongan anu baku ti raja.

²³ Pilahir Yusup ka rahayat, "Poe ieu, maraneh jeung lahan-lahan maraneh enggeus dibeuli ku kami, haturan raja. Ieu binih keur maraneh, lahan-lahan teh pelakan.

²⁴ Lamun geus panen, kudu diserenkeun pikeun raja, saperlimana. Sesana pake keur ngabinihan deui, jeung keur dahareun maraneh katut sanak kulawarga."

²⁵ Rahayat ngajarawab, "Gusti parantos mintonkeun kasaean, numbu umur abdi-abdi.

Abdi-abdi sumeja pasrah diri jadi kuli-kulina raja."

²⁶Ti dinya Yusup ngadamel undang-undang tanah pikeun nagara Mesir, nya eta saperlima tina hasil tanah kudu diserenkeun ka raja. Ieu undang-undang tug nepi ka kiwari jalan terus. Ngan tanahna para imam anu henteu jadi milik raja teh.

²⁷Urang Israil enggeus tumetep di Mesir di wewengkon Gosen. Geus balaleunghar jeung anak baranahan.

²⁸Ari Yakub mukimna di Mesir tujuh belas taun, nepi ka yuswa 147 taun.

²⁹Yakub geus ngaraos baris tereh-tereh pupus, tuluy nyaur Yusup putrana, pok ngalahir, "Ama menta Enung sumpah. Tumpangkeun leungeun Enung kana tetepokan Ama, tuluy ikrar masing enya-enya, yen Enung seja ngestokeun wasiat Ama. Ama ulah dikubur di Mesir.

³⁰Ama hayang dikubur di makam karuhun. Ama kudu dipindahkeun ti Mesir, kubur di makam para luluhur." Yusup ngawaler, "Wasiat Ama tangtos diestokeun pisan."

³¹Saur Yakub, "Sumah heula ka Ama, yen Enung seja ngestokeun." Ti dinya Yusup sumpah. Terus Yakub tumungkul dina pangkulemanana lajeng ngucap sukur.

48¹Teu lila ti harita Yusup kenging wartos yen ramana teu damang.

Bral anjeunna angkat seja ngalayad Yakub disarengan ku putrana Menase jeung Epraim.

²Barang Yakub terangeun yen putrana Yusup geus sumping seja ngalayad maksakeun calik dina pangkulemanana.

³Ti dinya saurna ka Yusup, "Allah Nu Maha Kawasa bareto nembongan sarta ngaberkahanaan ka Ama di Lus, di tanah Kanaan.

⁴Kieu dawuhana-Na, Maneh ku Kami baris dibere anak loba pisan, sarta turunan maneh baris pijadieun rupa-rupa bangsa; tanah ieu ku Kami rek diserenkeun ka turunan maneh geusan jadi milikna salalawasna."

⁵Saur Yakub deui, "Yusup, dua anak hidep, Epraim jeung Menase dijurukeun di Mesir samemeh Ama aya di dieu, duanana oge rek diaku anak, sakumaha Rubin jeung Simeon.

⁶Upama hidep boga deui anak, Ama moal rek mikayahang; ari warisan mah maranehanana oge baris meunang ti Epraim jeung Menase.

⁷Maksud Ama kitu teh lantaran inget ka ibu hidep Rahel. Basa ibu hidep maot di tanah Kanaan teu jauh ti Eprata, keur Ama balik ti Mesopotami, Ama teh kacida nalangsana. Ibu teh ku Ama dikurebkeun di sisi jalan nu ka Eprata." (Eprata teh kiwari mah katelah Betlehem.)

⁸Barang ret Yakub ningal ka putra Yusup anu dua tea, seug mariksa, "Ari ieu barudak teh saha?"

⁹ Waler Yusup, "Ieu teh duanana oge pun anak, nu diganjarkeun ka abdi ku Gusti Allah di dieu, di tanah Mesir." Ari saur Yakub, "Asrogkeun ka Ama, ku Ama rek diberkahan."

¹⁰ Ari Yakub teh socana geus teu pati awas bakat ku sepuh. Ku Yusup barudak dicaketkeun ka ramana. Tuluy barudak teh dirangkul bari digalentor.

¹¹ Ti dinya saur Yakub ka Yusup, "Satadina Ama teh geus taya harepan yen baris pipanggiheun deui jeung hidup. Kari-kari ayeuna ku Allah ditepungkeun pisan jeung anak-anak hidup sagala."

¹² Ti dinya barudak teh ku Yusup dicandak tina pangkonan ramana, seug anjeunna sujud di payuneun ramana.

¹³ Geus kitu Epraim ku Yusup diperenahkeun di kiwaeun Yakub ari Menase di tengeneunana.

¹⁴ Tapi Yakub teh bet anggur numpangkeun pananganana nu tengen kana sirah Epraim anu umurna leuwih ngora; ari panangan kiwana ditumpangkeun kana sirah Menase, lanceukna.

¹⁵ Tuluy Yusup diberkahan ku anjeunna, saurna, "Mugia ieu barudak diberkahan ku Allah, anu disembah ku aki jeung bapa kaula Ibrahim jeung Ishak! Mangka maranehna diberkahan ku Allah nu geus nyarengan kaula nepi ka ayeuna!

¹⁶ Mangka diberkahan ku malaikat, nu geus ngajait kaula tina sagala bahla! Mugia ngaran

kaula, kitu deui jenengan Aki Ibrahim jeung Bapa Ishak masing bisa tuluy-tumuluy ku lantaran ieu barudak! Mugia maranehna sing loba anak, ceuyah turunan!"

¹⁷ Barang Yusup ningali yen panangan ramana anu katuhu ditumpangkeun kana sirah Epraim, anjeunna ngarenjag; tuluy panangan ramana dipindahkeun kana sirah Menase,

¹⁸ bari saurna ka ramana, "Sanes kitu, Ama! Anu ieu anu langkung kolot; panangan Ama anu tengen kedah ka anu ieu ditumpangkeunana!"

¹⁹ Tapi ceuk ramana, "Ama oge nyaho, anaking, nyaho. Turunan Menase ge pijadieun bangsa gede. Tapi turunan adina bakal leuwih punjur ti manehanana sarta turunanana bakal pijadieun bangsa-bangsa gede."

²⁰ Seug eta barudak anu dua teh poe eta diberkahan. Saurna, "Ngaran maraneh bakal dipake ku urang Israil dina keur ngucapkeun berkah. Piucapeunana: Muga maraneh ku Allah dikersakeun ngajadi saperti Epraim jeung Menase." Jadi berkah anu dipaparinkeun ku Yakub ka Epraim teh leuwih mulya ti batan nu dipaparinkeun ka Menase.

²¹ Geus kitu saur Yakub ka Yusup, "Anaking, Ama teh moal lila deui oge mulang ka kalanggengan, tapi hidep baris tetep disarengan ku Allah sarta bakal dipulangkeun ka tanah karuhun hidep.

²²Tanah Sekem anu subur, beunang Ama ngarebut ti urang Emor ku pedang jeung gondewa teh pikeun hidep, lain pikeun dulur-dulur hidep."

49¹Yakub ngumpulkeun putra-putrana tuluy ngalahir, "Ka darieu kumpul, Ama rek ngucapkeun hal-hal anu bakal kasorang ku maraneh engke ka hareup:

²Ka darieu kumpul, regepkeun, he anak-anak Yakub. Regepkeun ieu bapa maraneh Israil.

³Rubin, anak kami anu cikal, maneh wujud kabedasan kami anak kahiji ti kalalakian kami. Pangangkuhnna jeung pangbedasna ti antara anak-anak kami.

⁴Maneh saibarat caah rongkah, tapi hamo jadi anu pangutamana, sabab maneh geus ngedengan selir kami ngunghak kana pang sarean kami.

⁵Simeon jeung Lewi adi lanceuk. Maranehanana nyikep pakarang pikeun katelengesan.

⁶Kami moal miluan rarasiahanana, moal miluan babadamianana, sabab sajeroning ambek maranehanana maehan jalma jeung ngabajegan sapi-sapi sakadar keur karesepan.

⁷Ambekna sing kasapa, tina kacida bengisna, amarahna sing kasapa, tina kacida kejemna. Ku kami rek disina pabencar di

satanah Israil. Disina pabuyar di tengah bangsana.

⁸Yuda, maneh bakal dipuji ku dulur-dulur. Musuh-musuh ku maneh dicerek pundukna. Dulur-dulur ka maneh bakal rarengkuh.

⁹Yuda saibarat singa, maehan mamangsanna seug asup kana dungusna, ngendorkeun urat seug ngagelehe. Taya nu wani ngaganggu.

¹⁰Yuda bakal nyangking iteuk karajaan, turunanana bakal marentah salalawasna. Bangsa-bangsa bakal marere upeti tunduk deku di hareupeunana.

¹¹Seug manehna nyangcang kalde ngora kana hiji tangkal anggur, anu buahna pangalus-alusna. Ngupyakkeun pakeanana kana cianggur anu warnana beureum getih.

¹²Pannonna sumorot euceuy ku nginum anggur, huntuna bodas ku nginuman susu.

¹³Sebulun bakal matuh di sisi laut. Basisirna jadi palabuan kapal-kapal. Wewengkonna nepi ka Sidon.

¹⁴Isaskar mo leuwih senang ti kalde, keur depa ge teu lesot tina momotna.

¹⁵Tapi nyahoeun yen tempat reureuhna hade tur tanahna pikaresepeun. Seug ngajurungkunung ngangkat momotanana kawantu nu kumawula, tukang nadah gawe beurat.

¹⁶Dan bakal kawasa marentah rahayatna. Maranehanana ge kawas kaom-kaom Israil sejenna.

¹⁷ Dan bakal saibarat oray di sisi jalan,
oray matih di jalan gupit. Macok kana
keuneung kuda, nepi ka anu tumpakna ragrag
tijengkang.

¹⁸ Abdi ngantos salamet ti Anjeun,
PANGERAN.

¹⁹ Gad bakal ditempuh ku gorombolan
rampog, tapi bakal malik ngudag ka nu
nempuh.

²⁰ Aser, tanahna bakal beunghar ku
dahareun. Bisa ngayakeun anu surup keur
tuangeun raja.

²¹ Naptali saibarat uncal bikang anu lumpatna
lugina, anak nu bakal dijurukeunana bakal
lalucu.

²² Yusup saibarat kalde linghas sisi cinyusu.
Saibarat anak kuda giras di lamping pasir.

²³ Musuh-musuhna nempuh kacida rosana,
ngudag bari mawa gondewa reujeung panah.

²⁴ Tapi gondewa Yusup angger tanggoh,
leungeunna aya anu ngabedaskeun, bedas ku
kawasa Nu Maha Kawasa, Allahna Yakub, ku
nu jadi Pangangon, Panyalindungan Israil.

²⁵ Allah bapa maneh anu mitulung ka
maneh, Allah Nu Maha Kawasa anu ka maneh
ngaberkanan ku hujan ti awang-awang
jeung cai anu jarero ti jero bumi, dipaparin
pirang-pirang sapi jeung anak,

²⁶ dipaparin gandum jeung kekembangan,
dipaparin gunung-gunung jaman purwa,
dipaparin kabetah ti pasir-pasir abadi. Ieu

berkah-berkah masing tumetep mayungan sirah Yusup, ngauban halis jelema nu pangunculna ti sakabeh dulur-dulurna.

²⁷ Binyamin saibarat ajag anu kacida galakna. Isuk, sore, ngarubuhkeun jeung ngahakan mamangsan."

²⁸ Sakitu dua belas kaom Israil teh. Kitu ungelna ucap pamitan ramana anu dilahirkeunana saluyu keur masing-masing dirina.

²⁹ Ti dinya Yakub wewekas, "Ama ayeuna rek mulang, nyusul warga-warga Ama ka alam kubur. Layon Ama hijikeun jeung bapa Ama di guha kuburan di tanahna Epron urang Het,

³⁰ di Makpela wetaneun Mamre, di tanah Kanaan. Eta guha jeung tegalan ku Ibrahim geus digaleuh ti Epron keur tanah kuburan.

³¹ Ibrahim jeung Sarah geureuhana, Ishak jeung Rabeka, kitu deui Lea, nya di dinya dipendemna.

³² Eta tegalan jeung guhana geus dibeuli ti urang Het. Kuburkeun Ama di dinya."

³³ Tamat Yakub wewekasna, seug ngagoledag kereles bae pupus.

50¹ Gabrug layon teh ku Yusup dirangkul, ditatangkeup ditangisan, rarayna digalentoran.

² Yusup marentahkeun tabib-tabib bawahana, sina ngabalsem ramana.

³Lilana ngabalsem opat puluh poe,
sakumaha biasana. Urang Mesir kabeh barela
sungkawa meunang tujuh puluh poe.

⁴Sanggeus liwat mangsa sungkawa, Yusup
ngalahir ka mantri-mantri raja, saurna,
"Pangunjukkeun ieu pisanggem ka raja:

⁵Nalika pun bapa bade dug pupus, mundut
supaya abdi sumpah yen bakal ngurebkeun
layonna di makam kengingna ngadamel di
tanah Kanaan. Ku margi kitu jisim abdi mugi
diwidian mios nguburkeun pun bapa, upami
parantos beres tangtos wangsul deui."

⁶Waler raja, "Kami idin. Kurebkeun rama
kang putra sakumaha pamundutna."

⁷Yusup jengkar seja ngurebkeun ramana.
Nu jarajap mangpirang-pirang lobana:
mantri-mantri raja, para sesepuh karaton,
para sesepuh nagara,

⁸wargi-wargina ku anjeun, raka-rakana
jeung wargi-wargi ramana. Anu teu marilu
jajap ngan barudakna anu laleutik keneh,
ditinggalkeun di Gosen jeung ingon-ingon:
embe, domba jeung sapi.

⁹Anu marilu ngiringkeun teh aya oge anu
tarumpak kareta jeung kuda, jadi aleutan anu
kacida gedena.

¹⁰Sanggeus narepi ka tempat pangirikan
di Atad, wetaneun Walungan Yordan, ger
careurik aluk-alukan lila pisan. Eta upacara
bela sungkawa diayakeunana ku Yusup tujuh
poe.

¹¹ Urang Kanaan anu narenjo eta jelema-jelema maridangdam di Atad, ngaromong, "Kacida hidmatna nya upacara bela sungkawa urang Mesir mah!" Ku sabab kitu eta tempat dingaranan Abel Misraim.

¹² Piwekas Yakub enggeus dilaksanakeun ku pala putrana.

¹³ Layonna dibawa ka Kanaan, dikurebkeun di guha Makpela di wetaneun Mamre, urut lahan Epron urang Het, anu digaleuh ku Ibrahim keur tanah pakuburan.

¹⁴ Tarapti ngurebkeun, Yusup mulih deui ka Mesir jeung raka-rakana kitu deui sakur nu ngariring jajap.

¹⁵ Sapesna ditilar pupus, raka-raka Yusup ngaromong kieu, "Kumaha mun Yusup tetep neuteuli? Kumaha lamun manehna ngabales kadengkian jeung kajahatan urang bareto?"

¹⁶ Seug maranehna nitah jalma, titip omong pikeun Yusup, kieu, "Tuang rama memeh pupus ngalahir kieu,

¹⁷ Bejakeun ka Yusup, Ama menta sangkan hidep daek ngahampura dulur-dulur, kajahatan jeung dosana ka hidep. Ku margi kitu, mugi-mugi sim kuring sadaya, abdi-abdi ka pangersa Allah panutan tuang rama, dihapunten samudaya kalepatan." Sanggeus dihaturkeun, Yusup ngadanguna nepi ka nangis.

¹⁸ Geus kitu saderek-saderekna daratang, bruk sarujud, pok arunjukan, "Sim kuring

sadaya, gandek-gandek anu hina kagungan gamparan."

¹⁹ Ari saur Yusup, "Ulah sieun ku kuring. Kuring moal ngangkat diri jadi Allah.

²⁰ Enya bareto kuring ku aranjeun dicilakakeun. Tapi ku Allah geus dibalikkeun jadi pitulung, sangkan kuring bisa nyambung umur sanak baraya anu sakitu lobana, nya geuning ayeuna bukti aranjeun bararisa keneh hirup. Nya ti dinya lantaranana.

²¹ Geus ulah sieun-sieun. Aranjeun saanak incu ku kuring baris diurus." Pilahir sakitu genahna, matak nengtremkeun raka-rakana, nyerep genah karasana, plong hatena ngararemplong.

²² Nepi ka pupusna dina yuswa 110 taun, Yusup tetep ngariksa saderek-saderekna di Mesir.

²³ Anjeunna kungsi ningali heula putu ti Epraim putrana, nepi ka turunan nu katilu. Ti Menase ge kagungan putu ngaranna Makir. Makir puputra sababaraha urang, kabeh ku Yusup dilebetkeun kana rerehan kulawargina.

²⁴ Ti dinya anjeunna wewekas ka saderek-saderekna, "Umur kuring moal lila deui. Tapi aranjeun baris tetep diraksa ku Allah, tur engke dicandak budal ti ieu nagara, dipulangkeun ka tanah anu ku Mantenna geus dijangjikeun ka Ibrahim, Ishak jeung Yakub."

²⁵ Geus kitu eta putra-putra Yakub ku Yusup sina sarumpah, saurna, "Aranjeun kudu

sumpah, yen mun geus aya pitulung Allah
budal ti dieu, tulang-taleng kuring kudu
dibawa."

²⁶Yusup pupus dina yuswa 110 taun.
Layonna ku maranehanana dibalsem, terus
disimpen dina peti mati.

Keluaran

1 ¹Yakub ngungsina ka Mesir teh sapala putra, masing-masing jeung saanak bojona. Putra-putrana nya eta:

²Rubin, Simeon, Lewi, Yuda,

³Isaskar, Sebulun, Binyamin,

⁴Dan, Naptali, Gad, jeung Aser.

⁵Jumlahna aya tujuh puluh urang turunan Yakub. Ari putrana nu jenengan Yusup mah geus ti heula aya di Mesir.

⁶Yusup pupus, saderek-saderekna parupus, kitu deui jalma-jalma anu saentragan jeung Yusup.

⁷Kari turunan-turunanana, nya eta urang Israil. Ieu bangsa laloba anakna, jumlahna beuki ngarekahan sarta jadi kuat, Mesir geus pinuh ku maranehna.

⁸Geus kitu ngadeg hiji raja anyar nyangking Mesir, anu henteu uningaeun ka Yusup.

⁹Eta raja nimbalan ka rahayatna, saurna, "Urang Israil kacida lobana jeung kuat. Urang jadi kaancam.

¹⁰Mun aya perang palangsiang maranehna biluk ka musuh merangan ka urang tuluy kalabur ti dieu. Ayeuna urang akalan supaya ulah ngalobaan."

¹¹Seug urang Israil teh ku urang Mesir ditarik, dipaksa kana gawe beurat, nu dipalar

supaya paeheun pikir. Urang Israil dipaksa gawe nyieun kota pagudangan pikeun raja, nya eta kota Pitom jeung Raamses.

¹²Tapi beuki dikaniaya kalah ka beuki loba, sumebar di sakuliah nagara, kacida dipikainggisna ku urang Mesir.

¹³(1:13-14) Atuh beuki dikaniaya, kacida diteungteuinganana, sina nyarieunan bata jeung rupa-rupa pagawean di tegalan-tegalan, teu pisan diomberan.

¹⁴(1:13)

¹⁵Malah raja Mesir marentah ka Sipra jeung Pua, dua paraji anu sok marajian ka awewe urang Ibrani, timbalanana,

¹⁶"Lamun marajian awewe urang Ibrani, orokna lamun lalaki paehan, mun awewe meunang dihirupan."

¹⁷Tapi eta dua paraji teh mikasieun ka Allah, parentah rajana henteu diturut. Teu aya orok lalaki anu dipaehan.

¹⁸Ku raja disalaur jeung dipariksa, "Ari maraneh kumaha? Ku naon orok-orok lalaki diantep bae sina harirup?"

¹⁹Piunjuk paraji, "Awewe urang Ibrani teu sapertos awewe Mesir. Awakna kariat, ngajuruna garampil, memeh paraji dongkap orokna parantos brol manten."

²⁰(1:20-21) Nu matak eta dua paraji teh mareunang kurnia ti Allah, nepi ka barisa imah-imah kurenan. Ari urang Israil terus bae ngalobaan, beuki kuat.

²¹ (1: 20)

²² Tungtungna raja Mesir marentah ka sakabeh rahayatna, timbalanana, "Rampas sakabeh orok lalaki urang Ibrani, palid-palidkeun ka Walungan Nil. Nu awewe ingkeun, hirupan."

2¹ Aya hiji jelema kaom Lewi, nikah ka hiji istri sakaom keneh.

² Seug eta istri ngalahirkeun hiji anak lalaki. Orokna teh teuing ku kasep, tuluy disumputkeun. Sanggeus meunang tilu bulan,

³ orok teh geus teu bisa disumput-sumput deui. Tuluy dipangnyieunkeun kandaga tina wawalinian, dibalur ku ter supaya teu asup cai. Sok orok teh diasupkeun kana eta kandaga, tuluy diteundeun di sisi walungan, di antara jujukutan anu jarangkung.

⁴ Ceuceuna ngawaskeun ti kajauhan hayangeun nyaho kumaha orok teh pijadieunana.

⁵ Putri raja sumping arek ngebak di walungan, inang-inangna leuleumpangan turut-turut sisi. Ret putri ningali aya kandaga di bunian ku jujukutan, seug dipiwarang dicandak.

⁶ Kandaga dibuka, eusina orok. Orok teh gogoaran, putri ngahelas pok sasauran, "Tangtu ieu teh orok urang Ibrani."

⁷ Torojol ceuceu eta murangkalih marek ka putri tuluy miunjuk, "Kumaha upama ku abdi

dipangmilariankeun awewe urang Ibrani anu nuju nyusuan?"

⁸"Enya, jig," waler putri. Leos nyi lanjang indit, teu lila geus datang deui jeung ibuna murangkalih tea.

⁹Saur putri, "Pangnyusuanskeun ieu orok, engke ku kami digajih." Murangkalih ku ibuna dibawa mulang, dirorok sakumaha biasa.

¹⁰Sanggeus rada ageung disanggakeun ka putri. Ku putri diangken putra. Ceuk putri dina manahna, "Ieu budak ku kami dibedol ti cai. Ngaranna kudu Musa."

¹¹Dina hiji poe sanggeus akil baleg Musa angkat nepangan bangsana, urang Israil. Katingalieun yen bangsana sakitu diteungteuinganana, digawekeun sakitu beuratna. Malah katingalieun aya urang Israil, bangsa anjeunna, anu dipaehan ku urang Mesir.

¹²Musa luak-lieuk. Sanggeus tetela yen moal aya anu nangenan, habek urang Mesir teh ku anjeunna dipaehan, mayitna diruang dina keusik.

¹³Poe isukna anjeunna ka dinya deui. Beh ningali dua jelema papada urang Israil keur garelut. Ku anjeunna dipisah, nu salahna dielingan, "Ku naon ka bangsa sorangan mahala?"

¹⁴Eta jelema nambalang, "Na maneh teh dunungan kami? Rek jadi hakim? Rek maehan deuih ka kami, cara kamari maehan

urang Mesir?" Musa ngagebeg sarta ceuk panggalihna, "Ana kitu perkara aing kamari maehan teh geus kautara!"

¹⁵(2: 15-16) Eta warta kadangu ku raja, seug raja ihtiari arek nelasan Musa. Tapi Musa ngejat manten ka tanah Midian, sarta rek terus matuh di ditu. Dina hiji poe Musa keur calik deukeut hiji sumur. Torojol aya mojang tujuhan, putra-putra imam di Midian anu jenenganana Yitro. Eta mojang-mojang tuluy narimba ngareusian jolang, rek nginuman domba-domba jeung embe-embe ramana.

¹⁶(2: 15)

¹⁷Torojol deui tarukang ngangon lalaki, mojang-mojang teh disuntrung-suntrungkeun. Ku Musa dibelaan, angonanana sina ngarinum.

¹⁸Ti dinya mojang-mojang teh baralik. Ku ramana dipariksa, "Sinarieun bisa tereh baralik?"

¹⁹Tembalna, "Dibantuan ku hiji urang Mesir, anu ngabelaan ngalawan tarukang ngangon, mangnimbaeun, sareng manginumankeun ingon-ingon urang."

²⁰Saur ramana, "Di mana ayeuna jelemana? Ku naon ditaringgalkeun? Teang, sina ka dieu urang ajak dahar."

²¹Musa kersaeun diandeg sarta terus matuh. Saterusna ku Yitro ditikahkeun ka Sipora, putrana,

²² seug puputra, lalaki. Saur Musa sajeroning manah, "Aing di dieu teh ngumbara. Jadi ieu budak ngaranna kudu Gersom."

²³ Geus kitu lawas ti lawas raja Mesir pupus. Tapi urang Israil mah angger bae ripuh, mani tingjarerit menta tulung, sasambat ka Allah.

²⁴ Ku Allah kadangu sarta Mantenna emuteun kana perjangjiana-Na ka Ibrahim, Ishak, jeung Yakub.

²⁵ Kasangsaraan urang Israil ku Mantenna katingali sarta diperhatoskeun.

3¹ Dina hiji poe waktu ngangon domba jeung embe kagungan Yitro, mertuana, imam di Midian tea, Musa nyandak angonanana meuntasan gurun keusik. Jol ka Sinai, hiji gunung karamat.

²Breh malaikat PANGERAN nembongan ka anjeunna, jiga seuneu, ngagedur dina rungkun cucuk. Katingalieun ku Musa eta rungkun cucuk teh ngagedur ku seuneu, tapi weuteuh bae henteu kahuru.

³Ceuk panggalihna, "Aneh! Ku naon eta rungkun teh teu kahuru? Cing rek dideukeutan."

⁴Katingalieun ku PANGERAN yen Musa ngadeukeutan, seug Mantenna ngagentaan ti tengah rungkun cucuk, "Musa! Musa!" Wangsul Musa, "Nun, kaulan!"

⁵Allah nimbalan, "Ulah deukeut-deukeut ka dieu. Laan tarumpah, sabab anu ditincak ku maneh teh tanah suci.

⁶Kami teh Allah karuhun maneh, Allah panutan Ibrahim, Ishak, jeung Yakub." Musa meungpeun, sieuneun ningali Allah.

⁷Ti dinya PANGERAN nimbalan, "Kami geus waspaos yen umat Kami di Mesir kacida dikakayana. Sasambatna ku polah jelema-jelema anu ngagarawekeunana ku Kami geus kadangu. Kami uninga kasangsaraan maranehanana.

⁸Nu matak Kami teh lungsur rek ngajait maranehna ti urang Mesir. Arek dikaluarkeun ti Mesir, rek dibawa ka hiji tanah anu nya lega, nya mukti, nya lendo, anu ayeuna keur dicaricingan keneh ku urang Kanaan, urang Het, urang Emor, urang Pares, urang Hiwi, jeung urang Yebus.

⁹Enya ku Kami geus kadangu sasambatna umat Kami teh, katenjo yen kacida digencetna ku urang Mesir.

¹⁰Maneh ku Kami rek diutus ka raja Mesir, supaya bisa nungtun umat Kami kaluar ti nagarana."

¹¹Piunjuk Musa ka Allah, "Abdi teh jalmi batan sakieu. Pimanaeun werat mendakan eta raja sareng ngaluarkeun urang Israil ti Mesir?"

¹²Timbalan Allah, "Ku Kami tangtu direujeungan. Pikeun tanda yen maneh ka ditu teh diutus ku Kami, engke ana umat Kami geus kaluar ti Mesir, maneh bakal bisa ka dieu deui, ngabakti ka Kami di ieu gunung."

¹³Tapi piunjuk Musa, "Upami parantos pendak sareng urang Israil sarta nyanggem yen diutus ku Allah panutan karuhun maraneh, seug maranehna nanyakeun, Saha jenengana-Na? kedah diwangsul kumaha?"

¹⁴Timbalan Allah, "Kami teh Anu Jumeneng. Sebutkeun kieu, Kami diutus ku anu ngangkenkeun ANU JUMENENG.

¹⁵Sebutkeun yen anu ngutus maneh teh Kami, PANGERAN, Allah panutan karuhunna, Allah panutan Ibrahim, Ishak, jeung Yakub. Kitu salalanggengna jenengan Kami teh; turunan anu bakal datang ari nyebut Kami teh kudu kitu.

¹⁶Jung tepungan kokolot-kokolot Israil. Bejakeun yen Kami PANGERAN, Allah panutan karuhunna, Allah panutan Ibrahim, Ishak, jeung Yakub, enggeus nembongan ka maneh. Bejakeun yen Kami geus ngalayad ka maranehna, geus ningali katelengesan urang Mesir ka maranehna.

¹⁷Kami tangtu engke ngaluarkeun maranehna ti Mesir, ti anu neungteuinganan, rek dibawa ka hiji tanah anu lendo jeung gemah ripah, tanahna urang Kanaan, urang Het, urang Emor, urang Pares, urang Hiwi, jeung urang Yebus.

¹⁸Umat Kami tangtu percayaeun ka maneh. Maneh jeung kokolot-kokolot Israil kudu madep ka raja Mesir, bejakeun ka eta raja kieu, PANGERAN, Allahna urang Israil, geus

ngebrehkeun salira-Na ka kaula. Kaula menta idin tilu poe rek ka tanah gurun, seja ngahaturkeun kurban ka PANGERAN, Allah kaula.

¹⁹Ku Kami geus kauninga, kumaha bae ge raja moal ngidinan, kajaba lamun dipaksa kudu kitu.

²⁰Tapi Kami oge rek ngagunakeun kakawasaan, ngahukum Mesir ku rupa-rupa balahi. Geus kitu kakara eta raja bakal ngidinan indit.

²¹Urang Mesir ku Kami rek disina serabeun ku maneh, nepi ka umat Kami arinditna teh moal aya anu lengoh.

²²Tiap awewe urang Israil kudu datang ka awewe urang Mesir tatanggana. Ka maranehanana, kitu deui ka awewe urang Mesir anu saimah reujeung, kudu marenta papakean, perhiasan-perhiasan tina emas jeung perak. Beubeunanganana sina diparanggul ku anak-anakna lalaki awewe. Akut harta banda urang Mesir teh."

4 ¹Ngawangsul deui Musa ka PANGERAN, "Nanging kumaha upami urang Israil henteu palercayaeun, henteu nolih kana pisanggem abdi? Kumaha upami sanggemna pamohalan Gusti nemongan ka abdi?"

²PANGERAN mariksa, "Eta maneh nyekel naon?" "Sumuhun iteuk," wangsul Musa.

³Timbalan PANGERAN, "Alungkeun kana taneuh." Ku Musa dialungkeun, seug jadi oray nepi ka Musa ngejat.

⁴PANGERAN nimbalan ka Musa, "Tewak buntutna!" Ku Musa ditewak, seug jadi deui iteuk.

⁵PANGERAN nimbalan, "Gunakeun eta pikeun ngayakinkeun ka urang Israil yen maneh enya geus ditembongan ku Kami, PANGERAN, Allah karuhunna, Allahna Ibrahim, Ishak, jeung Yakub."

⁶PANGERAN nimbalan deui ka Musa, "Asupkeun leungeun maneh kana jeroeun jubah." Musa ngasupkeun pananganana ka jeroeun jubah; ari dikaluarkeun deui bet geus katerap ku kasakit, baruntusan rupana bodas kawas salju.

⁷PANGERAN nimbalan, "Asupkeun deui ka jeroeun jubah." Sup diasupkeun deui, sarta barang ditarik deui bet geus pulih cara sasari kawas anggahota lianna.

⁸PANGERAN nimbalan, "Upama maranehna teu palercayaun, henteu bisa diyakinkeun ku mujijat nu kahiji, ku nu kadua mah tangtu bisa diyakinkeun.

⁹Tapi upama ku eta dua mujijat tetep maranehna teu palercayaun, tetep arembungeun malire kana omongan maneh, maneh kudu nyiuk cai Walungan Nil, bahekeun kana taneuh. Eta cai bakal robah jadi getih."

¹⁰Tapi piunjuk Musa, "Nun PANGERAN, ulah abdi anu diutus. Abdi teh sanes jalmi anu pinter nyarita, boh ti kapungkur, boh ti saparantos Gusti sasauran ka abdi. Abdi mah jalmi heurin ku letah, sok asa-asa."

¹¹Timbalan PANGERAN ka anjeunna, "Saha anu maparin letah ka manusa? Saha anu ngersakeun manusa torek atawa pireu? Saha anu ngersakeun manusa boga panenjo atawa merem? Nya Kami, PANGERAN.

¹²Bral bae ka ditu, Kami anu bakal nyebutan piomongeun maneh."

¹³Tapi piunjuk Musa, "Nun PANGERAN, sae ku nu sanes bae."

¹⁴PANGERAN jadi bendu ka Musa lajeng nimbalan, "Kumaha lamun Harun, dulur maneh, urang Lewi tea? Kami uninga, manehna ahli nyarita. Manehna ayeuna keur ka dieu rek manggihan maneh, tangtu atoheun papanggih jeung maneh.

¹⁵Caritakeun ka manehna, terangkeun naon anu kudu diomongkeun. Boh maneh boh Harun, tangtu ku Kami dibantuan nyarita, dituduhan naon-naon anu kudu dilampahkeun.

¹⁶Harun kudu jadi lalambe maneh, ngawakilan maneh nyarita ka jalma rea. Jadi maneh ka Harun teh minangka Allah, nyebutan sakur anu kudu diomongkeun.

¹⁷Eta iteuk bawa, pakeeun di ditu paranti nembongkeun mujijat-mujijat."

¹⁸ Sanggeus kitu Musa mulih ka Yitro mertuana seug unjukan, "Putra sumeja nepangan dulur-dulur di Mesir, hoyong terang naha harirup keneh." Ku Yitro karujukan, tuluy dijurung.

¹⁹ Sabot Musa di Midian keneh, PANGERAN nimbalan ka anjeunna, "Geura ka Mesir deui, sabab jelema-jelema anu ngarah pati ka maneh kabeh geus paraeh."

²⁰ Bral Musa angkat ka Mesir, garwana, putra-putrana dicandak, ditumpakkeun kana kalde. Iteukna dicandak sakumaha timbalan Allah.

²¹ Ngandika deui Allah ka Musa, "Maneh ayeuna kudu ka Mesir deui. Ku kami dibere kawasa nembongkeun mujijat-mujijat Kami tea ka raja Mesir. Lampahkeun. Ari raja ku Kami rek dihaja dibedegongkeun, sina teu mikeun urang Israil indit.

²² Geus kitu bejakeun ka manehna, kieu kituh timbalan Kami, PANGERAN, Israil teh putra cikal Kami.

²³ Ku Kami geus dipundut ka maneh sangkan diidinan indit ngabakti ka Kami. Ku sabab maneh teu ngidinan, anak cikal maneh ku Kami rek dipaehan."

²⁴ Di satengahing jalan di pangrereban, Musa ku PANGERAN dipegat kersa-Na rek dipaehan.

²⁵ (4: 25-26) Seug Sipora garwa Musa nyandak hiji batu seukeut, tuluy ngeureut

kokocop putrana, seug eta kulit kokocop teh diusapkeun kana sampean Musa. Ku karana eta sunat, Sipora sasauran kieu ka Musa, "Akang teh pikeun abdi salaki getih." Ku hal eta Musa ku PANGERAN teu tulus dicabut nyawana.

²⁶ (4: 25)

²⁷ Sajeroning kitu PANGERAN nimbalan ka Harun, "Tepungan Musa di gurun." Bral Harun angkat rek nepangan Musa di gunung karamat. Sanggeus patepung tuluy ngarangkul.

²⁸ Musa cacarios yen ditimbalan mulang ka Mesir ku PANGERAN. Sagala timbalana-Na oge dicarioskeun, kitu deui mujijat-mujijat PANGERAN anu kudu dilampahkeun engke di Mesir.

²⁹ Musa jeung Harun kebat ka Mesir. Sanggeus sarumping tuluy ngumpulkeun kokolot-kokolot Israil.

³⁰ Sagala timbalan PANGERAN ka Musa ku Harun dicarioskeun ka maranehna, sarta Musa nembongkeun mujijat-mujijat tea ka jalma rea.

³¹ Jalma rea palercayaeun. Barang dicaritaan yen maranehna geus dilayad ku PANGERAN, sarta kabalangsakanana geus katingali ku Mantenna, maranehna sarujud ngabakti.

5¹ Musa jeung Harun arangkat marek ka raja Mesir. Tuluy arunjukan, "Kaula ngemban timbalan PANGERAN, Allahna urang

Israil. Kieu timbalana-Na, Umat Kami idinan indit ka gurun keusik, geusan ngayakeun pesta ngamulyakeun ka Kami."

²Lahiran raja, "Saha PANGERAN teh? Naha aing kudu nurut kana parentah-Na, kudu ngidinan urang Israil iang? Aing teu wawuh ka PANGERAN. Aing moal ngidinan urang Israil arindit."

³Waler Musa jeung Harun, "Allahna urang Ibrani parantos mendakan ka kaula. Kitu nu mawi mugi kaula sadaya diwidian leumpang ka gurun, lamina tilu dinten, seja nyanggakeun kurban ka PANGERAN, Allah karuhun kaula sadaya. Upami teu kitu tangtos Mantenna bendu ka kaula sadaya, narajang ku kasakit atanapi ku perang."

⁴Timbalan raja, "Kumaha ari pipikiran maraneh? Na urang Israil teh sina nunda pagaweanana? Geura baralik ka ditu, sina digarawe deui eta abid-abid teh!"

⁵Bangsa maneh di dieu geus heurin usik, leuwih loba ti batan urang Mesir. Bet ku maraneh rek disina naringgalkeun pagaweanana!"

⁶Harita keneh raja marentahkeun ka urang Mesir tukang-tukang ngagawekeun jeung ka mandor-mandor urang Israil, timbalanana,

⁷"Jelema-jelema anu nyarieunan bata teh ulah dibere deui jarami, keun sina arusaha neangan sorangan.

⁸Tapi beubeunangan nyieun bata kudu angger lobana sakumaha sasari, hiji ge teu meunang kurang. Mana marenta idin rek ngurban ka Allahna ge tangtu lantaran geus kurang pagawean!

⁹Garawekeun leuwih beurat, sing leuwih ripuh, tong dibere tempo geusan nanggap nu bohong."

¹⁰Seug tukang-tukang maksa ngagawekeun teh jeung mandor-mandorna ngabejaan ka urang Israil, pokna, "Saur raja, maraneh moal dibarere deui jarami.

¹¹Saurna jarami nareangan sorangan ti mana bae meunangna, tapi beubeunangan nyieun bata kudu angger sarua lobana jeung nu enggeus-enggeus."

¹²Urang Israil riab nareangan jarami ka sakuliah Mesir,

¹³bari digegentak ku tukang-tukang ngagawekeunana, kudu anggeus nyieun bata sarua lobana jeung basa keur dibarere keneh jarami.

¹⁴Mandor-mandor urang Israil nepi ka ditareunggeulan ku tukang-tukang ngagawekeun, jeung dicararekan pokna, "Ku naon maraneh teu nyumponan jumlah bata cara sasari?"

¹⁵Seug mandor-mandor teh melas-melis arunjukan ka raja, pokna, "Nun Kangjeng Raja, ku naon abdi-abdi sakieu diteungteuinganana?

¹⁶Ongkoh teu dipaparin jarami, nanging ngadamel bata kedah teras. Abdi-abdi dugi ka diteunggeulan, padahal nu lepatna jalmi-jalmi gamparan."

¹⁷Timbalan raja, "Dasar pagedulan, mumul kana gawe! Paingan atuh marenta idin rek ngabarakti ka PANGERAN.

¹⁸Hayoh digarawe deui ka ditu! Jarami moal dibere, bata beubeunangan kudu angger!"

¹⁹Geus tetela ka mandor-mandor yen dirina carilaka, dikudukeun saban poe nyumponan jumlah bata sarua lobana jeung nu enggeus-enggeus.

²⁰Di jalan maranehna papanggih jeung Musa jeung Harun anu ngahaja ngarantosan.

²¹Pok maranehna ngaromong kieu, "PANGERAN langkung uninga, ieu teh gara-gara aranjeun. Sing dihukum aranjeun ku Mantenna, parantos ngalantarankeun kuring dipikasengit ku raja jeung ku mantri-mantrina. Ieu mah sarua bae jeung dititah dipaahan!"

²²Musa marek deui ka PANGERAN sarta miunjuk, "Nun PANGERAN, ku naon umat kagungan teh ku Gusti sakitu dibengisanana? Sareng ku naon abdi anu ku Gusti diutus teh?

²³Saparantos abdi marek ka raja ngemban timbalan Gusti, raja jadi wuwuh neungteuinganan ka maranehna. Ku Gusti diantep teu ditulungan!"

6¹ PANGERAN ngandika ka Musa,
 "Tenjokeun ku maneh rek dikumahakeun
 eta raja teh ku Kami. Saenya-enyana, ku
 Kami rek dipaksa nepi ka manehna kapaksa
 ngaluarkeun umat Kami ti nagarana."

2 Allah ngandika ka Musa, dawuhana-Na,
 "Kami teh PANGERAN.

3 Kami nembongan ka Ibrahim, ka Ishak,
 jeung ka Yakub teh sok nyebut diri Kami Allah
 Nu Maha Kawasa, tara mere nyaho jenengan
 Kami anu suci, nya eta PANGERAN.

4 Jeung deui Kami geus ngadamel perjangjian
 jeung maranehna, jangji yen maranehna ku
 Kami rek dibere tanah Kanaan, nya eta tanah
 urut maranehna ngumbara.

5 Ayeuna urang Israil tinggarerung lantaran
 diperbudak ku urang Mesir. Jumeritna ku
 Kami geus kadangu, sarta Kami inget kana
 eta perjangjian.

6 Mana bejakeun ka urang Israil, kieu
 kituh timbalan Kami, Kami teh PANGERAN.
 Maraneh ku Kami bakal dijait, dibebaskeun
 tina siksaan urang Mesir. Kami rek metakeun
 panangan Kami anu digjaya. Urang Mesir
 ku Kami rek dihukum ku siksaan-siksaan
 anu kacida beuratna, sarta maraneh tangtu
 dirahayukeun ku Kami.

7 Maraneh rek dijadikeun umat Kami pribadi,
 sarta Kami bakal jadi Allah maraneh. Engke
 ku maraneh kanyahoan lamun geus leupas

tina genggeman urang Mesir, yen Kami teh PANGERAN Allah maraneh.

⁸Maraneh ku Kami rek dibawa ka tanah anu ku Kami geus diikrarkeun rek dibikeun ka Ibrahim, Ishak, jeung Yakub, jeung pikeun maraneh, jadi tanah milik maraneh. Ieu Kami teh PANGERAN."

⁹Eta timbalan ku Musa dicarioskeun ka urang Israil, tapi ku maranehna teu didarengelantaran geus paregat harepan, ku beurat-beuratna nandangan paneungteuinganan.

¹⁰Demi timbalan PANGERAN ka Musa,

¹¹"Datangan deui raja, idinan kituh umat Kami ninggalkeun nagarana."

¹²Piunjuk Musa, "Pisanggem abdi teh ku urang Israil ge parantos henteu dipalire, komo ku raja, da teu tiasa nganggit-nganggit carios."

¹³Timbalan PANGERAN ka Musa jeung Harun, "Bejakeun ka raja, kitu deui ka urang Israil, yen maraneh diparentah ku Kami mingpin urang Israil budal ti Mesir."

¹⁴Rubin putra cikal Yakub tea puputra opat: Hanok, Palu, Hesron, jeung Karmi, jaradi karuhun warga-warga anu marake ngaran eta.

¹⁵Simon puputra genep: Yemuel, Yamin, Ohad, Yakin, Sohar, jeung Saul putra ti hiji wanita urang Kanaan, jaradi karuhun warga-warga anu marake ngaran eta.

¹⁶ Lewi puputra tilu: Gerson, Kahat, jeung Merari, jaradi karuhun warga-warga anu marake ngaran eta. Lewi yuswana 137 taun.

¹⁷ Gerson puputra dua: Libni jeung Simei, turunanana loba.

¹⁸ Kahat puputra opat: Amram, Yishar, Hebron, jeung Usiel. Yuswa Kahat 133 taun.

¹⁹ Merari puputra dua: Mahli jeung Musi. Eta warga-warga Lewi katut turunan-turunanana.

²⁰ Amram nikah ka Yokebed, embina, ari putrana nya eta Harun jeung Musa. Yuswa Amram 137 taun.

²¹ Yishar puputra tilu: Korah, Nepeg, jeung Sihri.

²² Usiel oge puputra tilu: Misael, Elsapan, jeung Sitri.

²³ Harun geureuhaan ka Elisaba saderekna Nahson, putra Aminadab. Putra-putrana nya eta: Nadab, Abihu, Elasar, jeung Itamar.

²⁴ Korah puputra tilu: Asir, Elkana, jeung Abiasap, jaradi karuhun bangsa-bangsa Korah.

²⁵ Elasar putra Harun nikah ka binti Putiel, ari putrana nya eta Pinehas. Eta kabeh jaradi lulugu ahli karuhun kaom Lewi sabangsana-sabangsana.

²⁶ Anu ku PANGERAN ditimbalan mingpin urang Israil budal ti Mesir teh nya Musa jeung Harun.

²⁷ Nya aranjeunna anu arunjukan ka raja Mesir, anu mundut supaya urang Israil dibebaskeun.

²⁸ Basa PANGERAN nimbalan ka Musa di tanah Mesir,

²⁹ kieu dawuhana-Na, "Kami teh PANGERAN. Bejakeun ka raja sakur anu ku Kami rek diandikakeun ka maneh."

³⁰ Tapi piunjuk Musa, "Gusti langkung tingali abdi teh sanes jalmi anu pinter nganggit carios, pimanaeun raja ngagugu ka abdi?"

7 ¹ Ari dawuhan PANGERAN, "Maneh ku Kami rek dijieun minangka Allah ka eta raja. Ari Harun minangka nabi maneh, anu bakal ngawakilan maneh nyarita.

² Naon-naon anu ku Kami diandikakeun ka maneh, tepikeun ka Harun anu kudu neruskeun eta pangandika ka raja, menta sangkan urang Israil dibikeun ninggalkeun nagarana.

³ Tapi eta raja ku Kami rek dijieun bedegong, sina ulah daekeun ngagugu ka maneh. Najan sakumaha beuratna Mesir ku Kami dihukum ge eta raja moal mirosea.

⁴ Geus kitu Kami bakal narajang Mesir ku rupa-rupa balahi, ti dinya Kami bakal mingpin umat Kami budal ti eta nagara.

⁵ Urang Mesir bakal nganyarahokeun yen Kami teh PANGERAN, lamun kami geus ngangkat panangan ka maranehna, jeung geus ngaluarkeun urang Israil ti eta nagara."

⁶Timbalan PANGERAN ku Musa jeung Harun dijalankeun.

⁷Harita, waktu aranjeunna ngadareuheus ka raja, yuswa Musa dalapan puluh taun, yuswa Harun dalapan puluh tili taun.

⁸PANGERAN nimbalan ka Musa jeung Harun.

⁹"Lamun raja nitah maneh nyieun mujijat, Harun bejaan yen kudu ngalungkeun iteukna ka hareupeun raja, eta iteuk bakal jadi oray."

¹⁰Bral Musa jeung Harun ngadareuheus ka raja sakumaha ditimbalanana ku PANGERAN. Harun ngalungkeun iteukna ka hareupeun raja sapara mantrina, seug iteukna jadi oray.

¹¹Sabalikna raja nyaur jelemana anu palinter jeung tukang-tukang sihirna. Seug maranehna oge nyarieun anu sarupa kitu ku sihirna,

¹²narurutan ngaralungkeun iteuk sarta iteukna jaradi oray. Tapi orayna dileglegan ku oray ti Harun.

¹³Parandene kitu raja teu kersaeun tunduk, cocog sakumaha anu diandikakeun ku PANGERAN yen eta raja moal ngagugu ka Musa jeung Harun.

¹⁴PANGERAN ngandika ka Musa, "Bener eta raja teh bedegong, teu mikeun urang Israil indit.

¹⁵Tepungan isukan isuk-isuk, waktu manehna arek mandi ka Walungan Nil, dagoan di sisi eta walungan. Iteuk anu tas jadi oray tea bawa.

¹⁶ Omongkeun kieu ka eta raja, Kalawan timbalan PANGERAN, Allahna urang Ibrani, kaula parantos nyuhunkeun supados kangjeng raja ngawidian urang Israil iang ngabarakti ka Mantenna di gurun keusik. Dugi ka ayeuna kangjeng raja teu kersa ngabulkeun.

¹⁷ Kangjeng raja! Dawuhan PANGERAN, kangjeng raja bakal uninga leres-leres saha Mantenna, saparantos ningali dadamelana-Na, sakedap deui. Tingalikeun, ieu walungan ku kaula bade digebug ku ieu iteuk, caina bakal robah jadi getih.

¹⁸ Laukna bakal paraeh, caina jadi bau biuk, urang Mesir moal kariat nginum cai ieu walungan."

¹⁹ Dawuhan PANGERAN ka Musa, "Harun sina ngungkulkeun iteukna ka walungan-walungan, susukan-susukan, jeung situ-situ di Mesir. Caina bakal robah jadi getih, kitu deui cai di mana-mana di sakuliah ieu tanah bakal jadi getih. Nu dina tahang jeung dina kendi ge bakal jadi getih."

²⁰ Timbalan PANGERAN ku Musa jeung Harun dijalankeun. Kalawan kasaksian ku raja sapara mantri, Harun ngungkulkeun iteukna terus diteunggeulkeun ka walungan, seug caina jadi getih.

²¹ Laukna paraeh, caina jadi bau kabina-bina, urang Mesir taya anu kuat nginum ti dinya. Di

mana-mana di sakuliah Mesir, cai geus jaradi getih.

²²Tapi tukang-tukang sihir raja oge maretakeun sihirna, nyarieun anu sarupa kitu. Jadi eta raja teh angger teuas manahna, cocog jeung anu didawuhkeun ku PANGERAN yen eta raja moal ngagugu ka Musa jeung Harun.

²³Anjeunna kalah ka ngaleos ka karaton. Eta kajadian nepi ka kitu teh ku anjeunna teu ditolih.

²⁴Urang Mesir pahibut ngarali taneuh sisi-sisi eta walungan nareangan cai, da teu kadarugaeun nginum cai ti eta walungan.

²⁵Ti barang PANGERAN ngagebug eta walungan, kaayaanana terus bae kitu nepi ka tujuh poe.

8 ¹Ti dinya PANGERAN nimbalan ka Musa,
"Tepungan deui raja. Bejakeun kieu timbalan Kami, Umat Kami idinan iang sina ngabarakti ka Kami.

²Lamun maneh baha, nagara maneh ku Kami rek disiksa dipinuhan ku bangkong.

³Walungan Nil bakal pinuh ku bangkong, arunggah ti dinya tuluy arasup ka karaton maneh, ka jero kamar, kana enggon hees, ka imah-imah rahayat maneh, ka imah-imah para mantri maneh, kana pangbakaran roti, kana adonan-adonan dina panci,

⁴nararaek kana awak maneh, kana awak rahayat maneh, jeung kana awak mantri-mantri maneh."

⁵Nimbalan deui PANGERAN ka Musa, "Harun titah ngungkulkeun iteukna ka walungan-walungan, susukan-susukan, jeung situ-situ, sina arunggah ti dinya bangkong-bangkong minuhan sakuliah tanah Mesir."

⁶Prak Harun ngungkulkeun iteukna kana cai di sakuliah Mesir, breg bangkong nararanjak ti cai minuhan sakuliah Mesir.

⁷Tapi tukang-tukang sihir Mesir oge metakeun elmuna ngayakeun bangkong, nararanjak minuhan tanahna.

⁸Geus kitu raja nyaur Musa jeung Harun, ti dinya timbalanana, "Kami pangnedakeun ka PANGERAN, pangnyyingkirkeun ieu bangkong-bangkong. Geus kitu jelema-jelema teh ku aing tangtu diidinan iang sina ngurban ka PANGERAN."

⁹Waler Musa, "Sumangga bade dipangnedakeun. Iraha kaula kedah mangnedakeun raja sapara mantri sareng rahayat teh? Bangkong-bangkong tangtos leungit, kantun anu di Walungan Nil."

¹⁰Lahiran raja, "Isukan kami pangnedakeun." Piunjuk Musa, "Sumangga. Engke ku Gusti kauninga yen taya deui allah anu sapertos PANGERAN, Allah kaula sadaya.

¹¹Bangkong-bangkong teh tangtos musna ti gamparan, ti para mantri sareng ti sakumna

rahayat. Moal aya anu nyesa, kajabi anu di Walungan Nil."

¹² Geus kitu Musa jeung Harun kaluar ninggalkeun raja tuluy neneda ka PANGERAN, neda dipangmusnakeun bangkong-bangkong anu ku Mantenna ditarajangkeun ka eta raja.

¹³ Paneda Musa ku PANGERAN dimakbul. Bangkong-bangkong teh nu di imah-imah, nu di buruan-buruan, anu di kebon-kebon, pararaeh.

¹⁴ Bangkena ku urang Mesir diunggul-unggulkeun manggunung-gunung, bauna nyambuang ka mana-mana.

¹⁵ Sanggeus uninga yen bangkong-bangkong teh geus paraeh, raja neuaskeun deui manahna, cocog jeung pangandika PANGERAN yen eta raja moal ngagugu ka Musa jeung Harun.

¹⁶ Ti dinya PANGERAN nimbalan ka Musa, "Harun titah neunggeulkeun iteukna kana taneuh ngebul. Peledugna bakal jadi rambetuk minuhan sakuliah tanah Mesir."

¹⁷ Harun neunggeulkeun iteukna kana taneuh ngebul. Dadak sakala kekebul di sakuliah Mesir robah ngajadi rambetuk, napuk ka jelema jeung ka sasatoan.

¹⁸ Tukang-tukang sihir tea ge metakeun elmuna rek nurutan ngabijilkeun rambetuk, tapi teu barisaeun. Rambetuk narapuk di mana-mana.

¹⁹Tukang-tukang sihir Mesir arunjukan ka raja pokna, "Saleresna ieu teh mujijat Allah!" Tapi raja tetep neuaskeun manahna, cocog jeung pangandika PANGERAN yen eta raja moal kersaeun ngagugu ka Musa jeung Harun.

²⁰Ti dinya PANGERAN nimbalan ka Musa, "Isukan isuk-isuk maneh kudu nepungan deui raja, pegat waktu manehna rek ka walungan. Bejakeun kieu kituh timbalan Kami, Umat Kami idinan iang ngabakti ka Kami.

²¹Lamun maneh henteu ngagugu tangtu dihukum diamuk ku seungseureudan: diri maneh, mantri-mantri, jeung rahayat maneh. Imah-imah urang Mesir bakal pinuh ku seungseureudan, ka taneuh-taneuh bakal pinuh ku seungseureudan.

²²Tapi tanah Gosen tempat umat Kami mah rek dijaga, eta seungseureudan moal nepi ka dinya, supaya maneh nyaho yen Kami, PANGERAN, aya di ieu tanah.

²³Kami rek ngabedakeun umat Kami ti rahayat maneh. Ieu mujijat isukan tangtu bukti."

²⁴Tuluy PANGERAN midamel kitu, seungseureudan tingsalebrung ka karaton raja, ka imah mantri-mantri. Sakuliah Mesir datang ka ruksak ku seungseureudan.

²⁵Raja nyaur Musa jeung Harun, ti dinya timbalanana, "Heug arek ngabarakti ka Allah maraneh mah, tapi di dieu bae, di nagara."

²⁶ Piunjuk Musa, "Sanes kitu. Upami urang Mesir naringal satona anu dijieun kurban ka Allah kaula tangtos asa kahina. Upami ngurbanna di dieu sarta kataringal ku urang Mesir, kaula sadaya tangtu pada ngabenturan ku batu.

²⁷ Ku perkawis eta, ngurban ka Allah kaula sadaya teh kedah di gurun keusik, lalampahan tilu dinten ti dieu. Kitu timbalan Mantenna."

²⁸ Lahiran raja, "Jig, aing ngidinan maraneh ngabakti ka PANGERAN Allah maraneh di gurun keusik, tapi ulah jauh teuing, jeung aing pangnedakeun."

²⁹ Waler Musa, "Sae. Samiosna ti dieu kaula rek neneda ka PANGERAN. Seungseureudan teh enjing tangtos nytingkah ti gamparan, ti para mantri sareng ti rahayat gamparan. Nanging gamparan ulah cidra deui, ulah ngahalang-halang kaula iang ngabakti ka PANGERAN."

³⁰ Musa angkat ti raja tuluy neneda ka PANGERAN.

³¹ Paneda ku PANGERAN dimakbul. Seungseureudan teh nyalingkir ti raja, ti para mantri, jeung ti rahayat, taya deui anu kari.

³² Tapi ayeuna ge eta raja teh neuaskeun manah deui bae, teu kersaeun ngidinan iang.

9¹ PANGERAN nimbalan ka Musa, "Tepungan deui raja. Kieu kituh timbalan Kami, PANGERAN, Allahna urang Ibrani, Umat Kami idinan iang sina ngabakti ka Kami.

²Lamun maneh deui-deui teu ngidinan,

³maneh tangtu dihukum, ingon-ingon maneh, kuda, kalde, onta, sapi, domba, embe, bakal digebug ku sasaland.

⁴Kami rek ngabedakeun ingon-ingon urang Israil ti ingon-ingon urang Mesir. Ingon-ingon urang Israil hiji ge moal aya anu paeh.

⁵Kami PANGERAN, tangtu ngabuktikeun hal eta isukan."

⁶Poe isukna PANGERAN midamel kitu. Ingon-ingon urang Mesir kabeh gempar paraeh, sabalikna ingon-ingon urang Israil mah taya nu paeh hiji-hiji acan.

⁷Raja mariksakeun eta kajadian, seug diunjukkeun yen ingon-ingon urang Israil teu aya nu paeh. Tapi anjeunna keukeuh henteu ngidinan urang Israil iang.

⁸Ti dinya PANGERAN nimbalan ka Musa jeung Harun, "Maraneh kudu ngarawu lebu sacanggeum ti tameuleuman. Awurkeun ku Musa ka awang-awang hareupeun raja.

⁹Eta lebu bakal terus nyobar ka sakuliah tanah Mesir, di mana-mana bakal nyebarkeun kasakit bisul sarta barucat, tumerap ka jelema jeung ka sasatoan."

¹⁰Prak aranjeunna ngarawu lebu terus dicandak ka raja, tuluy ku Musa diawurkeun ka awang-awang. Jalma-jalma jeung sasatoan katerap ku kasakit bisul saluar awak, barucat.

¹¹Tukang-tukang sihir teu karuateun nagenan Musa, sabab maranehna oge katerap

ku eta kasakit, teu beda ti urang Mesir
sejenna.

¹²Tapi manah raja ku PANGERAN
diheuraskeun, sakumaha anu geus
diandikakeun ku Mantenna yen eta raja moal
ngagugu ka Musa jeung Harun.

¹³Ti dinya PANGERAN nimbalan ka Musa,
"Isukan isuk-isuk pisan tepungan raja.
Bejakeun kieu kituh timbalan PANGERAN,
Allahna urang Ibrani, Umat Kami idinan iang
sina ngabakti ka Kami.

¹⁴Sakali ieu anu rek disiksa lain ngan
mantri-mantri jeung rahayat maneh bae,
maneh pribadi ge ku Kami tangtu disiksa,
sangkan nyaho yen di saalam dunya euweuh
nu saperti Kami.

¹⁵Upama Kami geus ngangkat leungeun
ngagebug maneh jeung rahayat maneh ku
hiji kasakit, maneh tangtu tumpur lebur.

¹⁶Tapi maneh kudu nyaksian kakawasaan
Kami, sangkan Kami kamashur ka sakuliah
jagat. Ku sabab kitu maneh rek dibere keneh
hirup.

¹⁷Parandene maneh mo weleh adigung,
moal ngidinan umat Kami iang.

¹⁸Tenjokeun, isukan wayah kieu Kami rek
nurunkeun hujan es anu kacida hebatna. Dina
sapanjang sajarah Mesir, balahi kawas kitu
kakara ayeuna bakal aya.

¹⁹Pek ayeuna parentahkeun sangkan
ingon-ingon maneh jeung naon bae anu

keur dikencarkeun di tegalan, kandangkeun. Sabab naon bae anu araya di nu muka, jelema, sasatoan, tangtu paraeh katinggang ku hujan es."

²⁰Sawatara mantri raja sarieuneun ku eta timbalan PANGERAN, tuluy pahibut ngampih-ngampihkeun badega-badegana jeung ingon-ingonna.

²¹Tapi anu salianna mah teu malire kana eta timbalan teh, abid-abid jeung ingon-ingonna diarantep di luar.

²²Ti dinya PANGERAN nimbalan ka Musa, "Acungkeun leungeun maneh ka langit, engke turun hujan es ka sakuliah tanah Mesir, ninggang ka jelema, ka sasatoan, kana pepelakan."

²³Musa ngacungkeun iteukna ka awang-awang, breg PANGERAN nurunkeun hujan es dibarung ku guludug nyamberan bumi. PANGERAN nurunkeun

²⁴hujan es kacida hebatna reujeung kilat tingsalamber. Ti baheula kakara harita Mesir katarajang hujan sakitu ributna.

²⁵Sakuliah Mesir, sakur anu di laluar mah burak-barik, jelema-jelema jeung sasatoan tariwas. Pepelakan rarebah, tatangkalan rarungkad, ruksak beak diamuk ku hujan es.

²⁶Hiji-hijina tempat anu henteu kadatangan ku eta hujan es ngan Gosen, tempat urang Israil.

²⁷ Raja nyaur Musa jeung Harun, timbalana, "Sakali ieu aing rumasa dosa. PANGERAN bener, aing jeung rahayat salah.

²⁸ Aing pangnedakeun ka PANGERAN! Sina enggeus ieu guludug jeung hujan es teh. Aing jangji ngidinan iang, maraneh teu kudu lila-lila deui araya di ieu nagara."

²⁹ Piunjuk Musa, "Saparantos kaula kaluar ti jero kota bade nadahkeun leungeun neneda ka PANGERAN. Guludug bakal rerep, hujan es bakal sirep, supados Gusti uninga yen sakuliah jagat teh PANGERAN anu kagungan.

³⁰ Nanging ku kaula parantos kajudi, gamparan sapara mantri teu acan keneh ngaraos sieun ku GUSTI Allah."

³¹ Pelak haramay jeung gandrung ruksak, lantaran gandrung geus arasak, ari haramay keur parucukan.

³² Tapi pelak gandum mah teu aya anu ruksak lantaran asakna pandeuri.

³³ Musa undur ti raja. Sanggeus aya di luar dayeuh anjeunna nadahkeun panangan, neneda ka PANGERAN. Jep gelap jempe, hujan es eureun, hujan geus teu ngucur deui.

³⁴ Ana raja uninga yen bahaya geus sirep seug ngadosa deui. Anjeunna sapara mantri tetep neugtreug,

³⁵ cocog jeung dawuhan PANGERAN ka Musa yen eta raja moal ngidinan urang Israil iang.

10¹ Ti dinya PANGERAN nimbalan ka Musa, "Tepungan raja. Eta raja sapara

mantrina ku Kami rek disina neugtreug,
sabab Kami rek nembongkeun mujijat ka
maranehna,

²jeung supaya maneh boga caritakeuneun
ka anak incu hal petaning Kami ngagejulkeun
urang Mesir ku mujijat-mujijat. Sangkan
maraneh nyaho yen Kami teh PANGERAN."

³Musa jeung Harun marek ka raja tuluy
miunjuk, "Kieu timbalan PANGERAN, Allahna
urang Ibrani, Maneh teh rek keukeuh embung
tunduk ka Kami? Umat Kami idinan iang sina
ngabakti ka Kami.

⁴Lamun keukeuh henteu nurut, isukan
nagara maneh ku Kami rek ditarajang ku
simeut,

⁵mangpirang-pirang lobana datang ka
beungeut taneuh katutup. Anu henteu
diruksak ku hujan es bakal diruksak ku
simeut disaregetan, tatangkalan oge moal
disesakeun.

⁶Karaton maneh, imah-imah para mantri,
imah-imah rahayat, kabeh bakal pinuh ku
simeut, anu ngagalaksakna leuwih-leuwih ti
batan simeut keur jaman karuhun maneh."
Geus kitu Musa malik tuluy angkat.

⁷Para mantri arunjukan ka raja, "Bade
diantep bae eta jalmi nyesahkeun ka urang?
Urang Israil sae diwidian ariang ngabakti ka
PANGERAN Allahna. Na teu katingali Mesir
jadi sakieu reksakna?"

⁸Musa jeung Harun diudag dibawa marek deui ka raja. Saur raja ka aranjeunna, "Jig geura ariang ngabakti ka PANGERAN Allah maraneh. Tapi saha anu rek ka daritu teh?"

⁹Waler Musa, "Sadayana, bade mios katut barudak sareng anu parantos karolot. Kitu deui anak-anakna nu lalaki nu awewe, domba, embe sareng sapi. Margi sadayana kedah ngurban ngamulyakeun ka PANGERAN."

¹⁰Timbalan raja, "Demi PANGERAN, kami sumpah moal ngidinan awewe jeung barudak dibawa! Tetela maneh boga maksud teu uni ana kitu mah.

¹¹Teu! Lamun enya ka daritu teh rek ngabakti ka PANGERAN, meunang, tapi lalaki bae wungkul." Geus kitu Musa jeung Harun ditundung ti payuneun raja.

¹²Ti dinya PANGERAN nimbalan ka Musa, "Ungkulkeun leungeun ka tanah Mesir pikeun ngadatangkeun simeut tea, sina ambreg nyaregetan sarupaning tutuwuhan anu henteu diruksak ku hujan es."

¹³Musa ngungkulkeun iteukna, hiuk PANGERAN ngadatangkeun angin ti wetan ka sakuliah tanah, ngagelebug sapoe eta teu eureun-eureun, terus nepi ka sapeuting jeput. Ari bray isuk eta angin teh mawa simeut

¹⁴kaliwat saking lobana, ambreg ka sakuliah nagara. Ti baheula kakara harita aya simeut sakitu lobana, tur ka hareupna oge moal aya deui anu siga kitu.

¹⁵ Beungeut taneuh saluluar datang ka liput katutup ku simeut, warnana datang ka belewuk. Sagala rupa anu disesakeun ku hujan es tea beak digalaksak, bubuhan katut ka tangkal-tangkalna. Tatangkalan jeung tutuwuhan di sakuliah tanah Mesir datang ka boleklak geus teu aya anu hejo-hejo deui.

¹⁶ Raja rurusuhan nyaur Musa jeung Harun sarta timbalanana, "Aing tarima dosa ka PANGERAN Allah maraneh, jeung dosa ka maneh ongkoh.

¹⁷ Sakali ieu mah aing menta ampun, jeung pangnedakeun ka PANGERAN Allah maraneh, ieu siksaan ka aing anu sakieu bangetna teh eureunkeun."

¹⁸ Musa undur ti raja, tuluy neneda ka PANGERAN.

¹⁹ Seug angin ti wetan teh ku PANGERAN dirobah jadi angin ti kulon, rongkah kacida. Saayana simeut kakeduk terus digebruskeun ka laut di Teluk Sues. Simeut di satanah Mesir beak taya anu nyesa.

²⁰ Tapi raja ku PANGERAN disina neugtreug, teu ngidinan urang Israil iang.

²¹ Ti dinya PANGERAN nimbalan ka Musa, "Jungjungkeun leungeun ka langit, sakuliah tanah Mesir bakal jadi poek mongkleng."

²² Musa ngajungjungkeun pananganana ka langit, reup sakuliah Mesir poek mani ngajumbleng, lilana nepi ka tilu poe.

²³Urang Mesir teu barisaeun patenjo pada batur, sarta sajeroning kitu taya anu kaluar ti imah. Ari di pilemburan urang Israil mah biasa bae caang.

²⁴Raja nyaur Musa, timbalanana, "Geura arindit ngabakti ka PANGERAN. Awewe jeung barudak ge meunang dibawa. Tapi ingon-ingon, domba, embe, sapi, tinggalkeun."

²⁵Waler Musa, "Kedahna mah malah gamparan ngabahanan sato keur kurban sareng keur kurban beuleuman kangge PANGERAN Allah kaula.

²⁶Pipiaraan bade dibantun, saceker ge moal aya anu dikantun. Sarengna deui anu bade dikurbankeun ka PANGERAN Allah kaula teh satona kedah ditangtoskeun heula. Sateuacanna dongkap ka ditu mah kaula tacan terang naon satona anu kedah disanggakeun ka Mantenna teh."

²⁷Manah raja ku PANGERAN disina neugtreug, keukeuh henteu ngidinan.

²⁸Lahirna ka Musa, "Geura jor mantog ti dieu! Sing ulah kadeuleu-deuleu deui ku kami. Lamun kadeuleu deui ku aing dipaehan!"

²⁹Waler Musa, "Cocog! Anjeun memang moal kungsi nenjo deui ka kaula!"

11 ¹Ti dinya PANGERAN nimbalan ka Musa, "Kari sarupa deui siksaan anu ku Kami rek dikeunakeun ka raja sarahayatna. Geus kitu manehna bakal ngidinan iang,

malah maksa sangkan maraneh kabeh budal ti ieu nagara.

²Bejakeun hal ieu ka kabeh bangsa Israil. Jeung bejakeun deui, engke urang Israil kudu barang penta ka tatanggana urang Mesir barang-barang perhiasan emas jeung perak."

³Geus kitu urang Mesir ku PANGERAN dikersakeun halormat ka urang Israil. Ari Musa dianggapna ku para mantri jeung ku rahayat Mesir teh jelema anu kacida punjulna.

⁴Ti dinya Musa miunjuk ka raja, "Kieu timbalan PANGERAN, Engke kira-kira tengah peuting, Kami rek ngider ka sakuliah Mesir.

⁵Tuluy sakabeh anak cikal urang Mesir anu lalaki bakal paraeh, ti cikal anak raja anu digadangkeun naek tahta, nepi ka cikal anak jariah purah ngagiling, kitu deui sakabeh cikal sasatoan.

⁶Sakuliah Mesir bakal pinuh ku sora anu aluk-alukan. Kajadian sarupa kitu ti bareto tacan aya, ka hareupna ge moal aya deui.

⁷Sabalikna di Israil mah bakal jempe-jempe bae moal aya sora anjing-anjing acan, pipiaraanana moal disarada. Engke kanyahoan ku maneh yen Kami PANGERAN, ngabedakeun antara urang Mesir jeung urang Israil."

⁸Musa nutup piunjukna kieu, "Kabeh mantri-mantri anjeun engke bakal tingsampoyong ka kaula, menta-menta sangkan sakumna bangsa kaula ku kaula dibawa kaluar ti ieu

nagara. Sanggeus kitu tangtu kaula indit." Tuluy Musa undur ngantunkeun raja, kacida benduna.

⁹PANGERAN geus nimbalan ka Musa, "Eta raja bakal tetep ngaberung, moal ngagugu ka maneh, sangkan Kami ngayakeun deui muwijat di Mesir."

¹⁰Musa jeung Harun geus nembongkeun rupa-rupa kaahengan ka raja, tapi manah raja ku PANGERAN diheuraskeun, teu ngidinan urang Israil ninggalkeun nagarana.

12¹Aya deui timbalan PANGERAN ka Musa jeung Harun di Mesir.

Timbalana-Na,

²"Bulan anu ieu ku maneh kudu dijieuun bulan anu kahiji.

³Parentahkeun ka sakumna bangsa Israil kieu: Dina tanggal sapuluh bulan ieu, unggal lalaki urang Israil kudu milih anak domba atawa anak embe, saimah hiji.

⁴Anu cacah jiwa imahna saeutik nepi ka moal kuat meakkeun anak domba hiji, kudu menta dibantuan ka tatanggan, bagi-bagi meujeuhnakeun, sameujeuhna keur dahareun masing-masing.

⁵Satona meunang domba meunang embe, asal kudu anu jalu, ulah aya cacad naon-naon jeung umurna anu sataun.

⁶Dina maleman tanggal opat welas, unggal imah kudu meuncit eta embe atawa domba.

⁷ Getihna sawareh kudu dipake ngulasan dua tihang panto jeung tarang panto saban imah, tempat ngadahar eta peupeuncitan.

⁸ Dagingna panggang, terus dahar peuting eta keneh. Didaharna kudu make lalab pait jeung roti teu make ragi.

⁹ Teu meunang didahar atah, jeung teu meunang dikulub. Kudu dipanggang bae kabeh jeung sirahna, sukuna jeung jeroanana.

¹⁰ Jeung teu meunang nyesa nepi ka isuk. Upama kapaksa nyesa kudu diduruk.

¹¹ Ngadalaharna kudu rurusuhan, sabab kudu terus tarapti geus rap pakean rap tarumpah ceg iteuk. Eta teh Paska pikeun ngamulyakeun ka Kami PANGERAN.

¹² Dina peuting eta Kami rek ngideran sakuliah Mesir, rek maehan sakabeh cikal lalaki, boh jelema boh sato, sarta nerapkeun siksaan ka sakabeh allah nagara Mesir. Kami teh PANGERAN.

¹³ Getih anu dina tihang panto baris jadi tanda yen eta imah maraneh. Anu make tanda eta getih ku Kami bakal diliwat moal dikua-kieu, sarta Kami bakal tuluy nerapkeun siksaan ka urang Mesir.

¹⁴ Poe anu eta saterusna ku maraneh kudu dijieun poe pesta kaagamaan, pikeun pangeling-eling kana padamelan Kami, PANGERAN. Ka hareupna kudu dilampahkeun saperti kitu deui, sapapanjangna."

¹⁵PANGERAN nimbalan, "Tujuh poe lilana maraneh teu meunang ngadahar roti anu make ragi. Jadi dahar teh rotina teu meunang make ragi. Ti poe nu kahiji keneh ragi kudu geus disingkirkeun ti imah. Sing saha anu di sajero tujuh poe eta dahar roti anu make ragi, moal diaku umat Kami.

¹⁶Dina poe nu kahiji jeung dina poe nu katujuhna, maraneh kudu ngadegkeun kumpulan ngabakti. Dina poe-poe eta teu meunang aya anu digarawe, ngan meunang nyadiakeun keur dahareun bae.

¹⁷Ieu poe roti teu make ragi kudu diarestokeun, sabab nya dina poe eta pisan Kami ngabudalkeun kaom-kaom maraneh ti Mesir. Sarta ka hareupna poe eta kudu dieling-eling jadi poe anu dimulyakeun.

¹⁸Ti mimiti maleman tanggal opat welas bulan kahiji, nepi ka tanggal dua puluh hiji, teu meunang dalahar roti anu make ragi.

¹⁹(12:19-20) Tujuh poe lilana di saban imah teu meunang aya ragi. Saha-saha anu dahar roti anu make ragi, boh pribumi boh nu lain pribumi bakal dieuweuhkeun ti pakumbuhan umat Kami."

²⁰(12:19)

²¹Musa ngumpulkeun sakabeh pamingpin Israil. Geus kitu saurna, "Aranjeun masing-masing kudu nyokot anak domba atawa anak embe jalu hiji pikeun ngalampahkeun Paska.

²² Getihna wadahan kana bokor, ulaskeun make hisop sabeungkeut kana dua tihang panto jeung kana tarang panto masing-masing. Peutingna nepi ka bray isuk ulah aya anu kaluar ti imah.

²³ Dina waktu PANGERAN ngideran sakuliah Mesir pikeun maehan urang Mesir, ana ningali tanda getih dina tihang panto jeung dina tarang panto, Mantenna moal ngidinan Malakalmaot asup sarta maehan maraneh.

²⁴ Ieu katetepan kudu diestokeun ku maraneh saanak-anak sapapanjangna,

²⁵ kudu dijaralankeun di mana maraneh geus arasup ka tanah anu bakal dipaparinkeun ku PANGERAN tea.

²⁶ Lamun barudak nanyakeun, Naon maksudna eta aturan?

²⁷ terangkeun, Ieu teh kurban Paska tanda muji sukur ka PANGERAN, lantaran basa Mantenna maehan urang Mesir, imah bangsa Israil mah ku Mantenna diliwat, nu matak urang mah salamet." Urang Israil tuluy sarujud ngabarakti,

²⁸ ti dinya baralik sarta ngajalankeun sakur anu diparentahkeun ku Musa jeung Harun.

²⁹ Sanggeus wanci tengah peuting, PANGERAN maehan sakabeh cikal lalaki di Mesir ti cikal putra raja anu digadangkeun naek tahta, nepi ka cikal anak sakitan di jero panjara, kitu deui cikal sasatoan.

³⁰Raja gugah, mantri-mantri lalilir, urang Mesir kabeh nyararing. Mesir sakuliahna midangdam aluk-alukan, sabab taya hiji imah anu henteu katinggal paeh ku anak cikal.

³¹Peuting harita keneh raja miwarang nyaur Musa jeung Harun, geus kitu timbalanana ka aranjeunna, "Buru-buru geura arindit ti dieu, maraneh kitu deui sakumna bangsa Israil! Tinggalkeun nagara aing. Jig geura ngabarakti ka PANGERAN, sakumaha pamenta maraneh.

³²Ingon-ingon oge bawa, domba, embe, sapi. Geura bral, sarta aing pangnedakeun berkah."

³³Urang Mesir mani mararaksa supaya urang Israil buru-buru indit ti nagarana. Pokna, "Bisi kuring paraeh kabeh ari aranjeun teu arindit mah.

³⁴Urang Israil pakepuk ngawadahan adonan anu tacan diragian tuluy ditaruntel, diparanggul.

³⁵Urang Israil ka urang Mesir marenta barang-barang perhiasan emas jeung perak kitu deui papakean, sakumaha parentah Musa tea.

³⁶Urang Israil ku PANGERAN dikersakeun dipikaserab ku urang Mesir, naon bae sapamentana ditedunan. Harta banda urang Mesir mani beresih diakut ku urang Israil.

³⁷Brul urang Israil ngabrus ti Raamses, Ialeumpang badarat ka Sukot. Aya 600.000 jalma lalaki, jaba awewe jeung barudak.

³⁸ Malah kacampuran ku jalma-jalma sejen loba pisan, anu marilu ka maranehna sarta marawa ingon-ingonna, domba, embe, jeung sapi.

³⁹ Adonan bawa ti Mesir tea dijarieun kueh tanpa ragi, sabab adonanana can kaburu diragian di Mesir, kawantu arinditna ti ditu teh sasat disurung-surungkeun ku urang Mesir, tur dadak-dadakan pisan, nepi ka taya waktu keur nyadiakeun bebekelan.

⁴⁰ Urang Israil caricingna di Mesir teh 430 taun.

⁴¹ Dina poe panutup taun ka 430, kabeh kaom-kaom urang Israil ku PANGERAN dituyun kaluar ti Mesir.

⁴² Dina peuting eta ku PANGERAN dianggo caringcing ngaping umat-Na kaluar ti Mesir. Pikeun ka hareupna, peuting anu eta ku urang Israil salawasna kudu dijueun peuting caringcing, pikeun ngamulyakeun ka PANGERAN.

⁴³ PANGERAN nimbalan ka Musa jeung Harun, "Ieu papakon Paska. Jelema anu lain urang Israil teu meunang milu dahar jamuan Paska.

⁴⁴ Bangsa budak beunang maraneh meuli meunang milu ngadahar, tapi kudu disunatan heula.

⁴⁵ Jelema anu majikna ngan pikeun saheulaanan, kitu deui kuli-kuli, teu meunang milu ngadahar.

⁴⁶Jamuanana kudu didahar di imah anu nyadiakeunana, teu meunang dibawa kaluar ti dinya. Tulang-tulang eta sato hiji ge ulah aya nu potong.

⁴⁷Sakumna jamaah Israil wajib nekanan Paska.

⁴⁸Anu henteu disunatan henteu meunang milu ngadahar jamuan Paska. Jelema anu lain urang Israil anu geus sagulung-sagalang jeung maraneh, upama hayangeun milu nekanan Paska ku sabab hayangeun milu ngamulyakeun ka PANGERAN, kudu disunatan heula katut sakabeh lalaki anu di imahna, saruakeun jeung hak pribumi, kakara meunang milu.

⁴⁹Jadi eta anu lain pribumi teh tunggal sapapakon jeung urang Israil asli."

⁵⁰Sakur anu ku PANGERAN diandikakeun ka Musa jeung Harun ku sakabeh urang Israil diestokeun.

⁵¹Geus kitu poe eta PANGERAN ngabudalkeun urang Israil ti Mesir.

13 ¹PANGERAN ngandika ka Musa,
²"Sakabeh anak cikal lalaki kudu dibaktikeun ka Kami. Unggal anak cikal urang Israil anu lalaki, kitu deui cikal sato jalu, eta kagungan kami."

³Musa misaur ka jalma rea, "Poe ieu poean maraneh kaluar ti Mesir, ti tempat maraneh diperbudak, kudu dieling-eling. Karana poe ieu PANGERAN ngaluarkeun maraneh ti

eta nagara kalawan digjaya. Dina poe ieu maraneh teu meunang ngadahar roti make ragi.

⁴Ayeuna, poean maraneh ninggalkeun Mesir teh nya eta dina bulan Abib, bulan kahiji.

⁵PANGERAN geus ikrar ka karuhun maraneh, yen maraneh bakal dipaparin tanah urang Kanaan, tanah urang Het, tanah urang Emor, tanah urang Hiwi, jeung tanah urang Yebus. Lamun maraneh ku Mantenna geus diasupkeun ka eta tanah anu gemah-ripath, hal sarupa kieu kudu dilampahkeun saban-saban bulan kahiji, unggal-unggal taun.

⁶Tujuh poe lilana maraneh kudu dalahar roti teu make ragi, sarta poe katujuhna kudu dipestakeun ngamulyakeun ka PANGERAN.

⁷Tujuh poe lilana maraneh teu meunang ngadahar roti anu make ragi. Sajeroning kitu, di satanah maraneh teu meunang aya roti anu make ragi atawa anu dihaseuman.

⁸Dina ngamimitian pesta, maraneh kudu nerangkeun ka anak, yen eta pesta teh pikeun mieling sagala dadamelan PANGERAN waktu maraneh budal ti Mesir.

⁹Hal ieu kudu dijieun pepeling, lir tanda anu dicangreudkeun dina leungeun atawa dina tarang maraneh anu bakal ngingetan sangkan maraneh terus nyaritakeun jeung ngulik ieu Papakon PANGERAN, lantaran maraneh

ku Mantenna geus dikaluarkeun ti Mesir ku kakawasaana-Na anu digjaya.

¹⁰Lampahkeun eta pesta teh dina waktuna, saban-saban taun."

¹¹"Maraneh ku PANGERAN bakal dicandak ka tanah Kanaan, sakumaha sumpah-Na ka maraneh jeung ka karuhun. Lamun eta geus dipaparinkeun,

¹²maraneh kudu nyanggakeun sakur anak cikal anu lalaki ka PANGERAN. Anak sato-sato maneh anu cikal sarta jalu, eta kagungan PANGERAN.

¹³Tapi cikal jalu anak kalde mah kudu ditebus ku anak domba. Lamun teu ditebus kudu ditekuk. Anak cikal maraneh oge anu lalaki kudu ditebus.

¹⁴Engke jaga lamun anak maraneh nanyakeun naon maksudna eta kamistian, kudu diterangkeun, Geusan pangeling-eling, yen ku karana kadigjayaan PANGERAN, urang dijait ti Mesir, ti bangsa anu ngabudakkeun ka urang.

¹⁵Sanggeus raja Mesir henteu ngidinan bae urang kaluar ku lantaran hatena tetep teuas, sakabeh cikal di satanah Mesir boh jelema boh sato ku PANGERAN ditiwaskeun. Kitu sababna pang urang ngurbankeun ungal cikal jalu anak sato teh, tapi cikal-cikal lalaki anak urang mah kudu ditebus.

¹⁶Ieu teh geus jadi kamistian, pikeun ngingetan urang lir tanda anu digantelkeun

dina leungeun atawa ditapelkeun dina tarang, sangkan urang salawasna inget yen ku karana kadigjayaan PANGERAN geus bisa ucul ti Mesir."

¹⁷ Jalma-jalma anu ku raja geus diidinan naringgalkeun Mesir teh ku Allah henteu dicandak nyorang jalan anu brasna ka basisir tanah Pelisti, sanajan eta jalan pangdeukeutna. Sabab panggalih Allah kieu, "Kami teu hayang ieu jelema-jelema rarobah pikiran sarta baralik deui ka Mesir upama nyarahoeun yen kudu tarung."

¹⁸ Dituyunna teh nyandak jalan anu belot jeung nyorang tanah gurun anu brasna ka Laut Beureum. Urang Israil kabeh nyaroren pakarang.

¹⁹ Layon Yusup oge ku Musa dicandak sakumaha piwekasna ka urang Israil, piwekas kalawan sumpah saurna, "Lamun Allah geus ngajait ka maraneh, layon kami oge kudu dibawa kaluar ti ieu tanah."

²⁰ Urang Israil geus ngaliwatan Sukot, tuluy masanggrahan di Etam, di rarambu tanah gurun.

²¹ Mun ti beurang PANGERAN aya di heulaeun maranehna dina hiji tihang mega nuduhan jalan. Mun ti peuting aya di heulaeunana dina hiji tihang seuneu, nyaangan pijalaneunana. Jadi eta jelema-jelema teh bisa terus laleumpangna beurang peuting.

²²Kitu bae terus, tihang mega paranti ti beurang jeung tihang seuneu paranti ti peuting teh salawasna aya di heulaeun maranehna.

14¹ Geus kitu PANGERAN nimbalan ka Musa,

²"Parentahkeun ka urang Israil sina maralik deui, tuluy masanggrahan di Pi Hahirot, antara Migdol jeung Laut Beureum palebah Baal Sepon.

³Raja bakal nyangka urang Israil kapaider di luareun nagara kakurung ku tanah gurun.

⁴Eta raja ku Kami rek disina terus ngaberung, tangtu ngudag ka dieu. Eta raja sawadya baladna ku Kami rek diserenkeun geusan jadi kamulyaan Kami. Urang Mesir kudu nyaho yen Kami teh PANGERAN." Seug urang Israil maralik deui.

⁵Ari raja Mesir sapara mantri sanggeus diuningaan yen urang Israil geus budal, ngadidak rarobah deui pikiranana. Pokna, "Naha urang teh bet ngantep bae urang Israil kalabur. Atuh urang ayeuna mah geus teu boga jalma badega!"

⁶Raja gancang natakeun kareta perang jeung wadya balad.

⁷Raja Mesir kaluar jeung sakabeh kareta perangna, malah aya genep ratus kareta anu panghadena katut reujeung para senapatina.

⁸Eta raja ku PANGERAN disina ngaberung, semprung ngudag ka urang Israil anu geus unggul bisa ucul tina genggemanana.

⁹Wadya balad Mesir lengkep jeung pasukan serdadu kuda jeung pasukan kareta tingsalebrut ngobrot urang Israil anu harita keur masanggrahan di sisi Laut Beureum deukeut Pi Hahirot jeung Baal Sepon.

¹⁰Barang urang Israil nyarahoeun keur diudag ku raja Mesir sabalad-balad, kacida sarieuneunana. Tuluy tingjarerit marenta tulung ka PANGERAN.

¹¹Seug ngaromong ka Musa, "Na di Mesir teh parantos teu aya tanah jang kuburan? Kuring dibantun ka dieu teh sina tariwas di gurun keusik? Bet kieu geuning jadina dikaluarkeun ti Mesir teh!

¹²Sanes parantos disanggemkeun ti samemehna ge ka Bapa yen tangtos kieu temahna? Pan ceuk kuring oge tadina keun bae kuring teh antep di Mesir, teu nanaon jadi jelema budak oge. Nya mending jadi jalma budak tinimbang kudu tiwas di gurun mah."

¹³Waler Musa, "Tong sarieun, sing taleger. Tenjokeun engke kumaha PANGERAN ngarahayukeun maraneh poe ieu. Eta urang Mesir teh ku maraneh moal katenjo-tenjo deui.

¹⁴PANGERAN bakal mangmerangankeun maraneh. Maraneh mah teu kudu naon-naon."

¹⁵PANGERAN nimbalan ka Musa, "Ku naon maneh sasambat bae? Urang Israil parentahkeun sina terus kebat.

¹⁶Ungkulkeun iteuk maneh ka luhureun laut. Cai laut bakal beulah ngenca ngatuhu. Pudunkeun urang Israil sina mareuntas di nu tuhur.

¹⁷Ari urang Mesir ku Kami rek disina ngaberung, sina ngarudag ti tukang. Raja Mesir sabalad-balad katut pasukan kareta jeung pasukan serdadu kudana ku kami rek dielehkeun di dieu, pikeun kamulyaan Kami.

¹⁸Geus kitu kakara eta urang Mesir teh bakal nyaraho yen Kami teh PANGERAN."

¹⁹Geus kitu Malaikat Allah anu tadina aya di hareupeun pasukan Israil pindah ka beulah tukang. Tihang mega tea oge pindah jadi aya di tengah-tengah,

²⁰antara pasukan urang Mesir jeung pasukan urang Israil. Ari megana ka urang Mesir matak poek, ka urang Israil tetep caang, jadi eta dua pasukan teh sapeuting jeput teu bisa padeukeut.

²¹Musa ngungkulkeun iteukna ka luhureun laut, hiuk PANGERAN ngadatangkeun angin ti wetan kacida rongkahna, siak cai laut miak. Angin terus ngagelebug sapeuventing, datang ka cai laut teh miak nepi ka dasarna, caina jadi dua bagian.

²² Urang Israil marudun nyorang dasar laut
anu geus tuus, kenga katuhueunana cai
ngadingding.

²³ Urang Mesir oge tuturubun ka dinya,
ngudag pandeurieunana jeung pasukan
kudana, pasukan karetana katut kusir-
kusirna.

²⁴ Barang geus meh janari, PANGERAN
nyoreang ka balad Mesir tina tihang seuneu
jeung tihang mega, seug balad Mesir teh ku
Mantenna digujrudkeun.

²⁵ Kikiping kareta-karetana mararacet nepi
ka meh teu bisa laju. Ceuk urang Mesir,
"Gancang urang ngejat! Urang dilawan ku
PANGERAN anu mangmerangankeun urang
Israil!"

²⁶ PANGERAN nimbalan ka Musa,
"Ungkulkeun deui iteuk maneh ka laut, caina
bakal liput ngalingkup deui, ngarungkup urang
Mesir katut kareta jeung jelema-jelemana."

²⁷ Musa ngungkulkeun deui iteukna ka
luhureun laut, sarta wanci rek bray isuk cai
laut geus liput deui sabiasana. Urang Mesir
pahibut arek buru-buru ngarejat ti jero cai,
tapi kabeh ku PANGERAN dilelepkeun di laut.

²⁸ Cai laut liput deui. Kareta-kareta, nu
tarumpakna, sawadya balad Mesir anu
ngudag ka urang Israil kabeh tiwas diteureuy
ku laut, taya anu kaiwalkeun.

²⁹ Teu cara urang Israil anu tumaninah nyorang dasar laut, dihapit ku cai anu ngadingding kenza katuhu.

³⁰ Poe eta PANGERAN ngarahayukeun urang Israil tina ancaman urang Mesir, anu geus kari bangkena bae ngalalumbuk di basisir, katarenjoeun ku urang Israil.

³¹ Sanggeus nyarahoeun kana kadigjayaan PANGERAN numpes urang Mesir, urang Israil jadi mikasieun ka PANGERAN, sarta palercayaeun ka Mantenna kitu deui ka Musa, abdi-Na.

15¹ Geus kitu Musa jeung sakumna bangsa Israil ngawihkeun ieu pupujian ka PANGERAN, "Kuring seja ngawihkeun puji ka PANGERAN, nu geus unggul kalawan pinunjul. Kuda jeung nu tarumpakna dilelepkeun di sagara.

²PANGERAN teh pangbela kuring nu tanggoh, anu geus ngarahayukeun kuring. Mantenna teh Allah panutan kuring, kuring seja muji ka Mantenna, Allah panutan karuhun kuring, seja ngawihkeun kaagungana-Na.

³Mantenna prajurit anu lineuwih, PANGERAN jenengana-Na.

⁴Balad Mesir jeung pasukan karetana, dikunclungkeun ka sagara. Para senapatina anu garagah, dikubur di Laut Beureum.

⁵Kabeh diteureuy ku laut, jeg batu ngalelep nepi ka dasar.

⁶Panangan tengen Gusti nun PANGERAN,
teghuhna pikahelokeun. Musuh rangsak
disasaak.

⁷Gusti unggul kaliwat saking, musuh dugi
ka pating koleang. Amarah Gusti lir seuneu
ngagedag, musuh dihuru lir jarami garing.

⁸Laut ku Gusti ditiup dugi ka nyiak, caina
ngadingding nanjeur sapertos kuta. Kalbu
laut jadi padet lir ngabata.

⁹Musuh susumbar, Jalma-jalma ku aing arek
diudag, barangna arek direbut, dirampasan
sakahayang. Aing rek metakeun pedang,
dipake ngaburak-barik.

¹⁰Nanging ku Gusti ditiup, mung sakeak
urang Mesir gulagepan, tingkerelep lir timah
kaceot ku cai nyedot.

¹¹Nun PANGERAN, batara mana anu
sapertos Gusti? Saha nu tiasa nandingan ka
Gusti, anu pikahelokeun bawaning ku suci?
Saha anu tiasa ngadamel mujijat sareng
kaahengan sapertos kenging Gusti?

¹²Gusti ngulangkeun panangan tengen, les
musuh dicapluk bumi.

¹³Gusti pengkuh kana jangji, nuyun umat
anu kenging nebus, dituyun ku panangan anu
digjaya, dianturkeun ka tanah Gusti nu suci.

¹⁴Kakuping wartana ku bangsa-bangsa,
seug galumeter sadayana. Urang Pelisti
kadatangan ketir ati.

¹⁵ Para kekentong Edom pating rarempod, para satria Moab pating sareblak, urang Kanaan kasingsieunan.

¹⁶ Sadayana sami tagiwur hatena, ningal kadigjayaan Gusti, nun PANGERAN, ilang daya kapupul bayu. Umat Gusti nu kenging ngarebut ti nu neungteuinganan, tumaninah ngaliwatan wewengkon maranehna.

¹⁷ Urang Israil ku Gusti dicandak ka pigunungan, lajeng dipelak di ditu, di tanah kenging Gusti nyayagikeun, caket Bait kenging Gusti ngadegkeun.

¹⁸ Gusti teh nun PANGERAN, nu jumeneng Raja salalanggengna."

¹⁹ Urang Israil salamet ngambah dasar laut. Sabalikna urang Mesir, barang pasukan karetana jeung pasukan kudana katut anu tarumpakna tuturubun ka laut, kabeh tiwas tikerelep, sabab cai laut ku PANGERAN diliputkeun deui sabiasana.

²⁰ Ti dinya nabi istri, Miryam, saderekna Harun, nyandak terebang, diturutan ku sakabeh wanita, narabeuh terebang bari ngarigel,

²¹ dikawihan ku Miryam, kieu, "Urang ngarawih, muji ka PANGERAN, anu geus unggul kalawan pinunjul. Pasukan kuda musuh reujeung anu tarumpakna ku Mantenna dikunclungkeun ka sagara."

²² Ti dinya Musa mingpin urang Israil ti Laut Beureum ka gurun keusik Sur. Tilu poe

Ialeumpang ngambah gurun keusik tacan
keneh manggih cai.

²³Sanggeus nepi ka hiji tempat anu disebut Mara, aya cai, tapi caina pait teu bisa diinum. Nya ku sabab kitu eta tempat teh dingaranan Mara.

²⁴Urang Israil ngarasula ka Musa pokna, "Naon nu bisa diinum atuh?"

²⁵Seug Musa neneda ka PANGERAN, nemen pisan sasambatna. Ku PANGERAN dituduhan kai sateukteuk. Ku Musa dianclomkeun kana cai pait tea, seug caina jadi bisa diinum. Di dinya PANGERAN maparin pikukuh ka urang Israil sarta terus diujikeun ka maranehna.

²⁶Timbalana-Na, "Upama maraneh enya-enya nurut, ngalampahkeun anu bener dipayuneun Kami, jeung ngestokeun timbalan-timbalan Kami, maraneh moal katerap ku sagala kasakit anu ku Kami dikeunakeun ka urang Mesir, sabab nya Kami PANGERAN anu nyageurkeun maraneh."

²⁷Ti dinya maranehna maju deui nepi ka Elim. Di dinya aya dua welas cinyusu jeung tujuh puluh tangkal korma, tuluy masanggrahan sisi cai.

16¹Ti Elim maju deui. Dina tanggal lima welas bulan ka dua ti sanggeus naringgalkeun Mesir, narepi ka gurun keusik Sin antara Elim jeung Sinai.

²Di dinya maranehna gegelendeng ka Musa jeung ka Harun,

³pokna, "Mending dicabut nyawa keur di Mesir keneh we ku PANGERAN teh! Di ditu mah bisa keneh ngariung dalahar daging, dahareun-dahareun bae mah loba. Ari ayeuna, bet dibawa apruk-aprukan ka gurun keusik, sina paraeh kalaparan!"

⁴PANGERAN nimbalan ka Musa, "Kami rek nurunkeun hujan kadaharan ti langit pikeun maranehna. Pulungan unggal poe. Ngumpulkeunana kudu sameujeuhna bae keur sapoeeun. Diwatesan teh rek didoja, rek ngesto atawa moal kana katangtuan ti Kami.

⁵Dina poe kagenep ngumpulkeunana kudu dua kalieun poe-poe sejen."

⁶Musa jeung Harun misaur ka urang Israil, "Engke sore maraneh bakal nyaraho yen anu ngaluarkeun maraneh ti Mesir teh estu PANGERAN.

⁷Isukan isuk-isuk maraneh bakal narenjo cahaya PANGERAN. Maraneh gegelendeng teh didangukeun ku Mantenna. Maraneh gegelendeng teh ka PANGERAN, sabab parentah ti Bapa teh ti Mantenna."

⁸Saurna deui, "Unggal sore maraneh bakal dipaparin lauk, isuk-isuk dipaparin roti sacukupna. PANGERAN anu maparin eta kadaharan teh, da kadangueun maraneh sakitu gegelendengna ka Mantenna. Maraneh gegelendeng ka Bapa teh saenyana mah ka PANGERAN."

⁹ Musa misaur ka Harun, "Wartoskeun ka sadayana sina kempel ka payuneun PANGERAN, margi Mantenna ngadangu maranehna gegelendeng."

¹⁰ Barang Harun misaur ka jalma-jalma sarta maranehna geus nyalanghareup ka gurun keusik, bray cahaya kamulyaan PANGERAN tembongngagebray dina hiji mega.

¹¹ PANGERAN ngadawuh ka Musa,

¹² "Kami geus ngadangu gegelendengna urang Israil. Bejakeun, wanci sariak layung maranehna bakal nyaratu lauk, isuk-isuk bakal dalahar saseubeuhna. Sangkan nyarahoeun yen Kami PANGERAN, Allah maranehna."

¹³ Wanci pabuburit, brul aya manuk puyuh kacida lobana mani nakleuk saluluar pasanggrahan. Isukna, sakuriling pasanggrahan uyuh-ayah ciibun.

¹⁴ Sanggeus ibunna nyaab, dina beungeut taneuh aya anu tingguruntul semu garing, rasana ngeunah ngerekes.

¹⁵ Barang urang Israil narenjoeun aya anu kitu, seug silih tanya lantaran teu nyarahoeun ngaranna. "Naon eta?" cenah. Saur Musa, "Eta dahareun maraneh ti PANGERAN.

¹⁶ Timbalana-Na, pek parulungan sakumaha perluna, nurutkeun lobana cacah jiwa tiap kulawarga, sajiwa dua liter."

¹⁷ Seug urang Israil marulungan, aya nu leuwih aya nu kurang.

¹⁸Tapi bareng ditaker, nu leuwih teu jadi kalobaan, nu kurang teu jadi kasaeutikan, masing-masing tiba cukup sakumaha perluna bae.

¹⁹Saur Musa, "Ulah disesakeun nepi ka isuk."

²⁰Tapi sawatara urang bandel teu narurut kana weweling Musa, nyaresakeun keur isuk. Ari isukna barang diilik bet geus bau jeung bilatungan. Anu nyarimpenna ku Musa diseuseul.

²¹Kitu bae saterusna unggal isuk, masing-masing marulunganana saperluna bae. Jeung ari geus rada beurang mah anu aya keneh dina taneuh teh laleeh.

²²Dina poe nu kagenep ngarumpulkeunana dua kalieun, sajiwa opat liter. Hal eta ku para pamingpinna diunjukkeun ka Musa.

²³Saur Musa, "Geus ditimbalan ku PANGERAN, sabab isukan mah poe anu kudu dimulyakeun, poe reureuh kagungan PANGERAN. Naon-naon anu rek dipanggang atawa dikulub, dipigawena kudu poe ieu. Leuwihna simpen keur isukan."

²⁴Parentah Musa ditarurut, sarta masing-masing nyaresakeun keur poe isuk. Tapi harita mah teu kungsi buruk atawa bilatungan.

²⁵Saur Musa, "Pek anu ieu dalahar ayeuna, sabab poe ieu teh poe Sabat, poe reureuh kagungan PANGERAN, jadi maraneh ulah mulung naon-naon ti luareun pasanggrahan.

²⁶ Mulungan dahareun teh genep poe. Poe katujuhna poe reureuh, di tegal moal aya pulunganeun."

²⁷ Tapi dina poe nu katujuh teh aya bae anu kalaluar rek marulungan, tapi teu maranggih naon-naon.

²⁸ Seug PANGERAN ngadawuh ka Musa, "Rek angger bae kitu eta jelema-jelema teh, teu narurut kana parentah Kami?

²⁹ Sing areling atuh! Kami, PANGERAN, mere hiji poe pikeun maraneh reureuh. Nu matak dina poe nu kagenep dahareun teh ku Kami disadiakeun keur dua poeeun, kitu saterusna. Unggal jelema dina poe nu katujuh kudu caricing di imah, ulah kalaluar."

³⁰ Ku sabab kitu dina poe nu katujuh jelema-jelema teh teu digarawe.

³¹ Eta kadaharan ku urang Israil disebutna manna, bangunna kawas siki pedes, rupana bodas, rasana saperti kueh madu.

³² Musa ngalahir, "Aya timbalan PANGERAN, saur-Na urang kudu nyimpen manna saeutik keur simpeneun saterusna, tenjoeun turunan urang engke, sangkan nyarahoeun rupa kadaharan anu ku Mantenna dipaparinkeun ka urang di gurun keusik, basa ku Mantenna dikaluarkeun ti Mesir."

³³ Ari lahiranana ka Harun, "Nyandak goci, eusian manna dua liter, teras simpen, teundeun payuneun PANGERAN, tittinggal keur anak incu."

³⁴ Prak timbalan PANGERAN ka Musa teh ku Harun dilampahkeun, goci anu dieusi manna teh disimpen gigireun Peti Perjangjian supaya aman.

³⁵ Sapanjang opat puluh taun, nya eta samemeh narepi ka tanah Kanaan sarta maratuh di ditu, anu didalahar ku urang Israil teh nya eta manna tea.

³⁶ (Takeran keringan anu diparake ku maranehna eusina sarua jeung dua puluh liter.)

17 ¹ Urang Israil arindit deui ti gurun keusik Sin, pundah-pindah bae kumaha ditimbalanana ku PANGERAN, tuluy masanggrahan di Repidim. Di dinya teu aya cai keur nginum,

² seug gegelendeng ka Musa, "Menta cai, hayang nginum!" Waler Musa, "Ku naon gegelendeng? Rek ngadoja ka PANGERAN?"

³ Tapi maranehna geus kacida arauseunana, gegelendengna ka Musa teu eureun-eureun, pokna, "Naha atuh make diinditkeun ti Mesir kuring teh? Rek disina paraeh ku halabhab kitu ieu kuring, anak, jeung pipiaraan teh?"

⁴ Musa sasambat ka PANGERAN, "Kumaha pipetaeun abdi ka eta jalmi-jalmi? Sakedap deui ge moal teu maledogan ku batu ka abdi."

⁵ Timbalan PANGERAN ka Musa, "Maneh kudu indit miheulaan jalma rea, bawa sawatara pamingpin Israil. Iteuk anu dipake neunggeul Walungan Nil bawa.

⁶Kami rek ngadeg gigireun hiji batu cadas di Gunung Sinai. Teunggeul eta cadas, tangtu engke bijil cai ti dinya keur eta jelema-jelema ngarinum." Ku Musa dilampahkeun, disaksian ku para pamingpin Israil.

⁷Ti dinya eta tempat dingaranan Masa jeung Meriba, lantaran urang Israil gegelendeng sarta ngadoja, pokna, "Aya atawa euweuh PANGERAN teh di urang?"

⁸Urang Amalek murubul ka Repidim narajang ka urang Israil.

⁹Musa ngalahir ka Yosua, "Hidep kudu milih jalma-jalma, isukan bawa merangan urang Amalek. Isukan Bapa rek nangtung di luhur pasir nyekel iteuk anu ku PANGERAN dipiwarang dibabawa ku Bapa."

¹⁰Yosua kaluar ngayonan urang Amalek, ngalampahkeun parentah Musa. Ari Musa unggah ka puncak pasir jeung Harun jeung Hur.

¹¹Geus kitu lamun Musa ngacungkeun panangan, urang Amalek perangna kadeseh, lamun Musa nurunkeun panangan, urang Israil anu kadeseh.

¹²Lila-lila panangan Musa cangkeweng ngacung bae. Ku Harun jeung Hur dipangneangankeun batu tuluy sina calik, sarta pananganana ditanggeuy ku duaan supaya ulah ngulapes. Kitu bae nepi ka surup panonpoe,

¹³nepi ka perang teh Yosua anu unggul,
urang Amalek eleh bebeakan.

¹⁴Ti dinya PANGERAN nimbalan ka Musa,
"Ieu kaunggulan catet supaya henteu
kapopohokeun. Bejakeun ka Yosua, eta urang
Amalek ku Kami rek dielehkeun sama sakali."

¹⁵Musa ngadegkeun hiji altar, dingaranan
"PANGERAN bandera kuring".

¹⁶Saurna, "Tanjeurkeun terus bandera
PANGERAN! PANGERAN bakal merangan
urang Amalek sapapanjangna!"

18¹Yitro, imam di Midian mertuana Musa,
geus meunang warta hal dadamelan
Allah nulungan Musa jeung bangsa Israil
waktu ku Mantenna dicandak kaluar ti Mesir.

²Anjeunna ngalayad ka Musa, nyandak
Sipora, garwa Musa anu dikantun di Midian.

³Dua putra Musa oge, Gersom jeung Elieser
dicandak. (Putra Musa nu hiji dingaranan
Gersom, sabab saurna bareto, "Aing teh
jalma ngumbara di lembur batur."

⁴Nu hiji deui nu matak dingaranan Elieser
lantaran saurna bareto, "Aing salamet ti
raja anu ngarah pati, diluputkeun ku Allah
panutan bapa aing.")

⁵Yitro geus sumping ka gurun keusik
jeung garwa Musa katut dua putrana ka
pasanggrahan Musa di gunung karamat.

⁶Yitro ngiberan ka Musa ngawartosan yen
sumping.

⁷ Musa mapagkeun, geus tepung cong nyembah ka mertua tuluy ngarangkul. Sanggeus silih taros damang henteuna tuluy arangkat ka kemah Musa.

⁸ Musa ka mertuana nyarioskeun sakur anu dipidamel ku PANGERAN ka raja jeung ka urang Mesir waktu ngaluputkeun urang Israil. Kabalangsakan urang Israil di jalan jeung hal ditulunganana ku PANGERAN, eta oge dicarioskeun.

⁹ Yitro milu bungah,

¹⁰ sarta saurna, "Sagala puji ka PANGERAN, anu geus ngarahayukeun hidep tina ancaman raja jeung urang Mesir! Sagala puji ka PANGERAN anu geus ngajait umat-Na ti anu neungteuinganan!"

¹¹ Ama jadi terang, PANGERAN teh estu pinunjul ti sakabeh batara, iasa ngaleupaskeun urang Israil ti urang Mesir anu sakitu neungteuinganan."

¹² Geus kitu Yitro nyanggakeun kurban ka Allah, diduruk kabeh, kitu deui kurban-kurban sejenna. Harun jeung sakabeh pamingpin Israil calik ka anjeunna, ngajalankeun upacara ibadah, ngariung tuang eta jamuan suci.

¹³ Poe isukna Musa calik mutus perkara jalma rea, teu liren-liren ti isuk nepi ka burit.

¹⁴ Ningali Musa sakitu repotna Yitro mariksa, "Jang naon hidep mayunan eta jalma-jalma teh? Sareng naha mung nyalira bae mayunan

jalmi-jalmi sina narangtung ti enjing-enjing
nepi ka burit?"

¹⁵ Waler Musa, "Abdi kedah kitu. Margi jalmi-jalmi darongkap ka abdi haroyongeun terang hal pangersa Allah.

¹⁶ Upami aya anu padu, dongkapna ka abdi. Abdi anu mutus mana anu lepatna, mana anu leres. Salajengna dipaparin terang pikukuh sareng papakon Allah."

¹⁷ Saur Yitro, "Carana sanes kitu,

¹⁸ matak ripuh sarerea. Hidep cape, jalma rea cape. Keur hidep ge beurat teuing.

¹⁹ Ama seja mituahan, sareng mugia Allah nyarengan ka hidep. Leres hidep kedah ngawakilan jalma rea ka payuneun Allah sareng mutus perkarana.

²⁰ Hidep kudu ngajarkeun pikukuh-pikukuh Allah ka maranehanana, ngajarkeun lakuning hirup sareng nuduhan pilampaheunana.

²¹ Nanging kajabi ti kitu teh hidep kedah milih jalma-jalma anu cakep, jenengkeun kapala anu nyangking jalmi sarebuan, nu saratusan, nu lima puluhan, sareng nu sapuluhan. Nu dipilih kedah jalmi-jalmi anu garaduh kasieun ku Allah, tiasa dipercaya, tahan ku pangruruba.

²² Bakukeun jadi hakim-hakim rahayat. Perkara-perkara anu karasana ku maranehna beurat, sina diteruskeun ka hidep, anu arenteng sina diputus ku maranehna bae. Hal

ieu tangtos matak enteng ka hidup lantaran pada ngarojong.

²³Upami diatur kitu nanging kitu soteh upami sapagodos sareng timbalan Allah hidup moal ripuh teuing, tur jalma-jalma oge perkarana tiasa kalayanan sadayana, warangsulna sarugema."

²⁴Pituah Yitro ku Musa ditampi.

²⁵Anjeunna milih jalma-jalma anu cakep ti bangsa Israil, diangkat jaradi kapala anu nyangking sarebuan, saratusan, lima puluhan, jeung sapuluhan,

²⁶jadi hakim-hakim rahayat anu baku. Perkara-perkara anu beurat diteruskeun ka Musa, anu babari diputus ku maranehna bae.

²⁷Geus kitu Yitro mulih ka Midian, dipileuleuyankeun ku Musa.

19¹(19: 1-2) Ti Repidim urang Israil arindit deui. Dina tanggal hiji bulan katilu ti sanggeus kaluar ti Mesir, narepi ka Gunung Sinai, tuluy masanggrahan di gurun keusik Sinai.

²(19: 1)

³Musa unggah ka eta gunung seja ngadeuheusan ka Allah. PANGERAN ngandika ka anjeunna ti luhur gunung, miwarang supaya anjeunna misaur kieu ka urang Israil, turunan Yakub,

⁴"Maraneh geus narenjo anu ku Kami, PANGERAN, dijalankeun ka urang Mesir, geus nyaraho petaning Kami mawa maraneh

lir galudra anu mawa hiber anakna dina jangjangna, nepi ka dieu ka payuneun Kami.

⁵ Lamun maraneh narurut kana perjangjian Kami, tanwande bakal jadi umat Kami pribadi. Jagat saeusina memang kagungan Kami, ngan ari maraneh mah ku Kami diunculkeun

⁶ geusan jadi milik Kami, dijadikeun imam-imam anu ngabarakti ka Kami."

⁷ Musa lungsur ti gunung, ngumpulkeun kapala-kapala. Sakur timbalan PANGERAN ka anjeunna tea disaurkeun.

⁸ Jalma-jalma narembalan, "Sagala timbalan PANGERAN bakal diestokeun." Ku Musa tuluy diunjukkeun ka PANGERAN.

⁹ PANGERAN nimbalan ka Musa, "Kami rek datang ka maneh dina mega kandel, rek cacarios jeung maneh, sina kadarengeeun ku jalma rea, supaya ti ayeuna maranehna palercayaean ka maneh." Jawaban jalma-jalma tea ku Musa diunjukkeun ka PANGERAN,

¹⁰ sarta Mantenna ngadawuh, "Bejaan jalma-jalma, poe ieu jeung isukan kudu dipake susuci geusan ngabakti. Parentahkeun sina nyareuseuh papakean,

¹¹ pakeeun pageto. Pageto Kami rek lungsur ka ieu Gunung Sinai, bakal tembong ku jalma rea.

¹² Turut-turut sisi ieu gunung kudu diwatesan, teu meunang diliwatan. Omat-omatkeun supaya jalma-jalma ulah unggah

ka ieu gunung, ulah deukeut-deukeut acan.
Sing saha anu liwat tina eta wates kudu
dipaahan,

¹³baledogan ku batu atawa dijamparingan,
awakna teu meunangkacabak. Boh jalma
boh sato kudu dikitukeun, misti dipaahan.
Lamun geus aya tangara tarompet, kakara
maranehna meunang arunggah."

¹⁴Musa lungsur ti gunung, ngawartosan
jalma-jalma sina sasadiaan pikeun ngabakti.
Prak jalma-jalma nyareuseuh papakean.

¹⁵Ti dinya Musa ngalahir, "Pageto maraneh
kudu geus tarapti. Jeung sajero waktu kitu
teu meunang sapatemon heula."

¹⁶Dina poe pagetona isuk-isuk aya kilat
ngajorelat dituturkeun ku sora gugur
ngageleger. Pucunghul di luhur gunung
aya mega angkeub ngabelegbeg, sengek
aya sora tarompet tarik pisan. Jalma-
jalma sapasanggrahan mani kokoplokan
sarieuneun.

¹⁷Tuluy ku Musa dijejeran kaluar ti
pasanggrahan rek dicandak marek ka Allah.
Reg ngarandeg heula deukeut suku gunung.

¹⁸Gunung Sinai buni kabulen ku haseup,
sabab PANGERAN lungsurna ka dinya teh dina
seuneu hurung, haseupna ngabulak-bulak
kawas haseup tina tungku gede. Jalma-jalma
ngagaeter awakna sarieuneun beak karep.

¹⁹ Sora tarompet beuki tarik, beuki tarik. Pok Musa miunjuk, diwaler ku Allah ku sora gugur ngageleger.

²⁰ PANGERAN lungsur ka puncak Gunung Sinai, tuluy ngagentaan ka Musa. Seug Musa unggah ka puncak.

²¹ PANGERAN nimbalan ka anjeunna, "Turun heula, jalma-jalma elingan ulah liwat tina kalang dumeh harayang nenjo Kami, sabab tangtu bakal loba anu paraeh."

²² Kajeun para imam, memeh ngadareuheus ka Kami teh kudu susuci heula, bisi ku Kami disamber."

²³ Piunjuk Musa, "Sumuhun, jalmi-jalmi moal warantuneun ngaliwat tina wates pedah harayang ningal ka Gusti, reh ku Gusti parantos diemutan yen ieu gunung kedah diwatesan sareng disucikeun."

²⁴ Waler PANGERAN, "Geura jut mudun, jeung Harun bawa ka dieu. Para imam jeung jalma lianna pacuan liwat tina wates, ulah naranjak harayang teges ka Kami, supaya ku Kami henteu disamber."

²⁵ Musa mudun, ngawartoskeun timbalan PANGERAN ka jalma rea.

20¹ Ti dinya Allah nimbalan, kieu timbalana-Na,

² "Kami teh PANGERAN Allah maraneh, anu ngaluarkeun maraneh ti Mesir tempat maraneh dibudakkeun.

³ Ulah ngabakti ka aallahan salian ti ka Kami.

⁴ Ulah nyieun titironan saniskara anu aya di langit, atawa di bumi, atawa di cai sahandapeun bumi.

⁵ Poma ulah nyembah atawa ngabakti ka brahala. Sabab ieu Kami, PANGERAN Allah maraneh. Kami moal aya hampura ka sakur anu ngalawan. Kami bakal nyiksa ka sakur anu mikagiruk ka Kami, kitu deui ka turunanana, nepi ka turunan katilu jeung kaopat.

⁶ Sabalikna bakal mikaasih ka rebuan turunan, ka sakur anu mikanyaah ka Kami sarta ngestokeun hukum-hukum Kami.

⁷ Ulah nyebut jenengan Kami geusan teu puguh, sabab Kami, PANGERAN Allah maraneh, moal henteu nyiksa ka sakur anu nyumahkeun jenengan Kami.

⁸ Masing gumati kana poe Sabat, kudu disucikeun salalawasna.

⁹ Aya genep poe pikeun maraneh barang gawe,

¹⁰ ari poe nu katujuh eta teh poe reureuh, poe kagungan Kami. Dina poe eta ulah aya anu digawe, boh maraneh, boh anak, boh badega, boh sato, nya kitu keneh jalma asing anu ngadon hirup di nagri maraneh.

¹¹ Di jero genep poe Kami PANGERAN ngadamel bumi, langit, laut, jeung saniskara eusina. Dina poe nu katujuh Kami reureuh. Ku sabab kitu poe Sabat diberkahan jeung disucikeun ku Kami, PANGERAN.

¹² Masing hormat ka bapa jeung ka indung,
supaya awet nya hirup di tanah anu rek
dipaparinkeun ku Kami.

¹³ Ulah maehan.

¹⁴ Ulah ngaranyed.

¹⁵ Ulah maling.

¹⁶ Ulah jadi saksi palsu.

¹⁷ Ulah mikahayang imah batur; ulah
mikahayang pamajikan batur, atawa
mikahayang badegana, sapina, kaldena,
atawa naon bae sakur nu jadi milik batur."

¹⁸ Sanggeus jalma-jalma ngadarenge sora
tarompet jeung narenjo kilat kitu deui
gunung anu kabulen ku haseup, kacida
sarieuneunana, terus ngarejat narangtung ti
kajauhan bari tingdaregdeg.

¹⁹ Pok arunjukan ka Musa, "Kuring sadaya
teu wantun nguping pangandika Allah,
tangtos paraeh. Pangandika-Na lahirkeun ku
Bapa bae, tangtos diestokeun."

²⁰ Waler Musa, "Tong sarieun. Allah ngan rek
ngadoja ka maraneh, jeung supaya maraneh
salalawasna boga kasieun ku Mantenna, nepi
ka moal marigawe dosa."

²¹ Tapi maranehna marugen, narangtung
bae ti kajauhan. Seug Musa angkat nyalira,
nyaketan mega angkeub anu dilinggihan ku
Allah.

²² PANGERAN nimbalan ka Musa, miwarang
nyaurkeun kieu ka urang Israil, "Maraneh

nyaho yen Kami PANGERAN ngandika ka maraneh ti sawarga.

²³ Ulah nyieun sesembahan gaganti Kami, boh tina perak boh tina emas.

²⁴ Kudu nyieun hiji altar tina taneuh pikeun Kami, paragi maraneh ngurbankeun domba jeung sapi anu kudu diduruk kabeh jeung geusan kurban panarima. Kami bakal sumping ka saban tempat anu ku Kami ditangtukeun pikeun tempat ngabakti ka Kami, rek ngaberkanan ka maraneh.

²⁵ Upama rek nyieun altar batu, batuna teu meunang aya anu dibeulah. Sabab lamun batuna kaungkulon ku pahat, nista pikeun Kami.

²⁶ Jeung altarna teu meunang make hambalan paranti mancat, bisi ana maraneh mancat ka dinya heug tembong orat."

21 ¹"Bikeun ieu papakon ka urang Israil:
²Lamun maraneh meuli jelema bangsa Ibrani pikeun jadi badega, eta jelema ngabadegana kudu genep taun. Dina taun katujuhna kudu dimerdikakeun, teu kudu mayar naon-naon.

³Lamun keur waktu dibeulina tacan kawin, kaluarna kudu mawa dirina bae. Tapi lamun keur dibeulina geus boga pamajikan, kudu dimerdikakeun jeung pamajikanana.

⁴Lamun bogana pamajikan teh dikawinkeun ku dununganana, sarta boga anak awewe

lalaki, anu dimerdikakeun teh manehna bae, anak pamajikanana mah boga dununganana.

⁵Tapi lamun eta badega teh nyebutkeun nyaah ka dununganana, pamajikanana jeung ka anak-anakna sarta embungeun dibebaskeun,

⁶ku dununganana kudu dibawa ka tempat paranti ngabakti, tekenkeun ceulina kana panto atawa kana tihangna tuluy tiir, tanda yen jadi badega dununganana saumur hirup.

⁷Badega awewe anu dijual ku kolotna ulah dibebaskeun, teu cara badega lalaki.

⁸Lamun dijualna terus dipibojo ku dununganana, upama dununganana geus teu resepeun, kudu dijual deui ka bapana, teu meunang dijual ka jalma sejen, sabab ari kitu mah neungteuinganan.

⁹Lamun aya anu meuli badega awewe seug dijodokeun ka anakna, hakna eta badega kudu disaruakeun jeung anakna anu awewe.

¹⁰Anu enggeus boga pamajikan, lamun boga pamajikan hiji deui, hak pamajikanana anu kahiji kitu deui sandang panganna, teu meunang kurang, kudu angger saperti samemehna.

¹¹Lamun eta kawajiban teu dicumponan, pamajikanana kudu dibebaskeun, sarta salakina teu meunang nyieun parurugi naon-naon."

¹²"Anu ngarogahala nepi ka paeh kudu dipaehan.

¹³Tapi lamun maehanana teh geus tariking cilaka, lain ku karana niat, kudu kabur ka hiji tempat. Pitempateunana ku Kami bakal diayakeun.

¹⁴Sabalikna lamun maehanana ku karana amarah atawa neuteuli, sanajan kabur kana altar Kami kudu dipaehan.

¹⁵Anu neunggeul ka bapa atawa ka indung kudu dipaehan.

¹⁶Anu nyulik, boh keur jualeun boh keur badega sorangan, kudu dipaehan.

¹⁷Anu nyumpahan ka bapa atawa ka indung kudu dipaehan.

¹⁸(21:18-19) Lamun aya anu gelut, pek anu saurang neunggeul make batu atawa nonjok lawanna, teu nepi ka paeh ngan nepi ka matak ngalonjor di enggon, jeung bisaeun deui leuleumpangan di luar sanajan bari kundang iteuk, anu neunggeulna henteu manjing disiksa, tapi kudu ngurus jeung kudu ngongkosan diubaranana nepi ka cageurna.

¹⁹(21:18)

²⁰Lamun aya dunungan neunggeul make panggebug ka badega lalaki atawa ka badega awewe nepi ka paeh di dinya keneh, pasti kudu dibales.

²¹Lamun badegana tea hirup keneh nepi ka tilu poe, dununganana teu kudu dibales, da eta badega teh duitna.

²²Upama aya anu garelut sababaraha urang, heug anu saurang neunggeulna teh kalepasan

keuna ka wanita anu eukeur kakandungan nepi ka kakandunganana kaluron, lamun awewena teu nepi ka kumaonam, nu kalepasan neunggeulna kudu didengda, sapamenta salakina kudu ditedunan, sarta mayarna kudu disaksian ku nu wajib.

²³ Sabalikna lamun awewena nepi ka kumaonam, anu kalepasan neunggeul teh katempuhan: Nyawa bayar nyawa,

²⁴ mata bayar mata, huntu bayar huntu, leungeun bayar leungeun, suku bayar suku,

²⁵ tutung bayar tutung, bohak bayar bohak, benjut bayar benjut.

²⁶ Lamun dunungan neunggeul kana panon badega anu lalaki atawa anu awewe, nepi ka panonna teu bisa dipake, badegana kudu dimerdikakeun, gaganti panonna.

²⁷ Atawa upama neunggeulna kana huntu nepi ka punglak, badegana tea kudu dimerdikakeun, gaganti huntuna."

²⁸ "Lamun sapi hiji jelema neunggar jelema sejen nepi ka jelemana paeh, sapina kudu dipaehan, benturan ku batu, dagingna teu meunang didahar. Anu bogana kudu dihukum.

²⁹ Tapi lamun sapina memang galak sok teuteunggar bae, jeung nu bogana teu beunang diingetan, sapina diantep dikencar nepi ka neunggar jelema datang ka paeh, sapina kudu dipaehan, benturan ku batu, nu bogana ge kudu dipaehan.

³⁰Tapi upama anu bogana dimeunangkeun nebus nyawana sorangan, nya kudu mayar sakumaha gedena oge.

³¹Upama neunggarna ka budak, lalaki atawa awewe, katangtuan hukumna sarua jeung eta.

³²Lamun neunggarna ka badega, lalaki atawa awewe, nu boga eta sapi kudu mayar ka dunungan eta badega tilu puluh uang perak, sapina paehan.

³³Upama aya sapi tigebrus kana lombang lantaran tutup lombangna aya anu ngangkat, atawa lantaran aya anu nyieun lombang teu ditutupan,

³⁴anu boga gawena kudu ngagantian ku duit ka nu bogana, sapi paehna meunang dicokot ku manehna.

³⁵Lamun sapi si Anu neunggar sapi batur nepi ka paeh, sapi anu hirup keneh kudu dijual ku duaan, duitna bagi dua, sapi paehna peuncit, dagingna bagi dua.

³⁶Tapi lamun sapi anu maehanana tea memang harak ka nu sejen jeung ku nu bogana diantep bae dikencar, kudu dibikeun ka anu paeh sapina, sapi paehna ajang manehna."

22¹"Jelema anu maling sapi atawa domba heug dipeuncit atawa dijual, kudu ngagantian, sapi hiji gantina lima, domba hiji gantina opat.

²(22: 2-4) Pasti nu maling mah kudu ngagantian barang anu dipalingna. Lamun jinisna taya kaboga, dirina kudu dijual jadi badega, keur mayar nu dipalingna. Lamun sato anu dipalingna kapanggih aya keneh di manehna, boh sapi boh kalde atawa domba tur hirup keneh, kudu ngagantianana teh dua kana hiji. Bangsat anu kacerek keur ngabobok imah ti peuting terus dipaehan, anu maehanana teu kaasup maehan. Tapi lamun kajadianana ti beurang, anu maehanana manjing hukum maehan.

³(22: 2)

⁴(22: 2)

⁵Lamun aya sapi diabur asup ka kebon batur, upamana ka lahan anggur, terus ngaranjah pepelakanana, dunungan eta sato kudu ngaganti ku hasil tina lahanna sorangan, atawa tina hasil kebon anggurna.

⁶Lamun aya jelema ngadurukan dina lahanna heug seuneuna ngarambat kana jukut anu aya di kebon batur, nepi ka ngahuru pelak gandumna anu keur jadi, atawa ngahuru tumpukan gandumna beunang mibuatan, anu ngadurukanana kudu ngaganti anu ruksak ku seuneu tea.

⁷Jalma anu katitipan duit atawa barang-barang mahal lianna, lamun heug eta titipan aya anu maling ti imahna, lamun bangsatna kapanggih, eta bangsat kudu ngaganti dua kalieun.

⁸Lamun bangsatna henteu kapanggih, jelema anu dititipan eta duit atawa barang mahal tea kudu dibawa ka tempat ngabakti, sina sumpah di dinya yen manehna henteu maling barang titipan batur.

⁹Lamun aya dua jelema hoghag parebut banda, silih aku yen eta banda teh anuna, naha sapi, naha kalde, domba, pakean, atawa naon bae, duanana kudu dibawa ka tempat ngabakti. Mana-mana anu ku Allah disalahkeun kudu ngaganti dua kalieun ka nu saurang deui.

¹⁰Jalma anu katitipan ingon-ingon, kalde, sapi, domba atawa salian ti eta, heug eta sato paeh atawa cilaka atawa aya anu ngarampog, sarta waktu kajadianana euweuh anu nyahoeun,

¹¹eta jelema kudu sumpah ka PANGERAN di tempat ngabakti yen teu maling eta titipan. Anu bogana kudu tarima, anu dititipanana teu kudu ngaganti.

¹²Sabalikna lamun tetela manehna anu malingna, kudu ngaganti.

¹³Upama titipan tea dihakan ku sato leuweung, sesa bangkena kudu dituduhkeun pikeun bukti ka nu boga, teu kudu ngaganti.

¹⁴Lamun aya jelema nginjeum sato batur heug satona paeh atawa cilaka, teu kasaksian ku nu bogana, kudu ngagantian.

¹⁵Kajaba lamun dina waktu kajadianana kasaksian ku nu bogana, teu kudu ngagantian.

Lamun eta sato teh disewa, najan lapur oge bakal kabual ku harga sewaanana."

¹⁶"Upamana, aya lalaki ngaheureuyan parawan anu tacan babakalan, terus reujeung sapatemon. Eta lalaki kudu mayar mas kawin kontan, awewena kudu terus dikawin.

¹⁷Upama bapa awewena teu mikeun anakna dikawin, eta lalaki tetep kudu mayar mas kawin sakumaha mas kawin ka parawan.

¹⁸Awewe anu migawe sihir kudu dipaehan.

¹⁹Jalma anu ngajima sato kudu dipaehan.

²⁰Jalma anu ngurban ka aallahan ongkoh ka Kami ongkoh, kudu dibasmi.

²¹Ulah neungteuinganan atawa ngagencet ka jelema anu ngumbara, da maraneh oge kungsi ngumbara di Mesir.

²²Ulah nyusuker ka randa atawa ka nu pahatu.

²³Upama maraneh nyusuker, seug maranehna sasambat menta tulung ka Kami, tangtu ku Kami dimakbul,

²⁴tur Kami tangtu bendu datang ka maraneh ku Kami disina paeh ku perang, pamajikan jadi randa, anak jadi yatim.

²⁵Lamun nginjeumkeun duit ka umat Kami anu kabalangsak, ulah kawas tukang nginjeumkeun, ulah make dianakan.

²⁶Upama maraneh nyekel gadean baju batur, memeh surup panonpoe kudu dipulangkeun heula,

²⁷ karana bajuna ngan eta-etana paranti ngahaneutan awakna. Upama teu dipulangkeun heula heesna make naon? Lamun manehna sasambat menta tulung ka Kami pasti ku Kami dimakbul, sabab Kami welas asih.

²⁸ Ulah ngagogoreng ka Allah, jeung ulah nyumpahan para gegeden pamingpin rahayat.

²⁹ Hasil kebon maraneh, gandum, cianggur, minyak jetun, kudu aya anu dibaktikeun ka Kami, jeung ulah diengke-engke. Anak cikal maraneh baktikeun ka Kami.

³⁰ Baktikeun ka Kami cikal ingon-ingon maraneh sapi jeung domba. Cikal jaluna ingkeun heula di indungna tujuh poe, dina kadalapan poena sanggakeun ka Kami.

³¹ Ku sabab maraneh teh umat Kami, maraneh teu meunang ngadahar daging sato anu paeh ku sato leuweung. Parabkeun bae ka anjing."

23 ¹"Ulah ngaliarkeun beja teu puguh. Ulah daek biluk ka nu salah, nyimbutan kasalahana.

² Ulah tuturut ka jalma rea anu marigawe kasalahana, atawa lamun maranehna nyerongkeun urusan jeung kaadilan.

³ Nguruskeun perkara jelema anu malarat ulah beurat sabeulah.

⁴ Upama maraneh pareng nenjo sapi atawa kalde musuh leupas ka mana-mana pangnewakkeun, anteurkeun ka nu bogana.

⁵Upama kalde musuh maneh tea ngudupruk ku momotanana, bantuan ngahudangkeun, ulah api lain.

⁶Upama aya jalma malarat datang ka pangadilan ngunjukkeun urusanana, uruskeun sakumaha mistina, ulah nyimpang tina kaadilan.

⁷Ulah nyieun panuding palsu nepi ka anu teu salah meunang hukum pati. Kalakuan kitu kacida jahatna, ku Kami pasti disapa.

⁸Ulah beunang ku pangruruba, sabab pangruruba teh sok ngalolongkeun rasa bebeneran, ngaruntuhkeun hak nu tanpa dosa.

⁹Ulah neunteuinganan ka jelema anu ngumbara, da maraneh oge kungsi ngumbara di Mesir, nyaho kumaha rasana jalma ngumbara."

¹⁰"Lahan dipelakanana genep taun genep taun, hasilna kumpulkeun.

¹¹Dina katujuh taunna lahan kudu diperekeun sarta tutuwuhanana ulah diala, nu kitu mah keur bagian anu mariskin, ari sesa ngalaan anu mariskin keur bagian sato leuweung. Pon kitu keneh kebon anggur jeung kebon jetun.

¹²Barang gawe kudu genep poe genep poe bae, supaya badega-badega jeung anu karuli di maneh nyareunghap heula. Malah sasatoan oge kudu direureuhkeun.

¹³Gumatikeun ieu timbalan Kami,
PANGERAN. Jeung maraneh ulah neneda ka
allah-allah sejen, ulah nyambat-nyambat
acan ngaranna."

¹⁴"Tilu kali dina sataun maraneh kudu
ngayakeun pesta pikeun ngamulyakeun ka
Kami.

¹⁵Kahiji dina bulan Abib, nya eta bulan
maraneh ninggalkeun Mesir, kudu ngayakeun
Pesta Roti Teu Make Ragi sakumaha anu ku
Kami diandikakeun tea, lilana tujuh poe.
Sapanjang pesta maraneh teu meunang
dalahar roti anu make ragi. Maraneh ngabakti
ka Kami teh teu meunang lengoh.

¹⁶Pesta kadua nya eta Pesta Panen,
dilampahkeunana waktu mitembeyan
panen. Pesta katilu nya eta Pesta Saung,
dilampahkeunana dina usum ngala buah
anggur jeung bubuahan lianna.

¹⁷Dina eta pesta anu tilu rupa, sakabeh
lalaki kudu ngadareuheus jeung ngabarakti
ka Kami, PANGERAN Allah maraneh. Kitu bae
unggal-unggal taun.

¹⁸Lamun maraneh ngurbankeun sato ka
Kami, rotina teu meunang nu make ragi.
Jeung sato-sato nu dikurbankeun ka Kami
sapanjang pesta, gajihna teu meunang nyesa
nepi ka isuk.

¹⁹Unggal-unggal taun, hasil lahan maraneh
anu diala pangheulana kudu dibaktikeun
ka gedong panglinggihan PANGERAN Allah

maraneh. Ngulub daging anak domba atawa anak embe teu meunang ku cisusu indungna."

²⁰"Kami rek miwarang hiji malaikat heulaeun maraneh, sina ngaraksa di jalan nepi ka datang ka tempat beunang Kami nyadiakeun.

²¹Sing hade-hade, naon parentahna turut, ulah baha, sabab eta piwarangan Kami. Lamun dilawan moal aya hampurana.

²²Sabalikna lamun maraneh nurut kana parentahna sarta ngalakonan sagala timbalan Kami, ieu Kami anu bakal merangan musuh-musuh maraneh.

²³Malaikat Kami bakal aya di hareup heulaeun maraneh mawa asup ka tanahna urang Emor, urang Het, urang Pares, urang Kanaan, urang Hiwi, jeung urang Yebus. Eta bangsa-bangsa ku Kami bakal dibasmi.

²⁴Pacuan maraneh nyembah atawa ngabakti ka allah-allah maranehna, jeung ulah nurutan tata ibadahna. Aallahan-aallahanana basmi, pilar-pilar batu karamatna gempur.

²⁵Upama maraneh ngabarakti ka Kami, PANGERAN Allah maraneh, tanwande diberkahan, dicukup dahareun dicukup cai, jeung lamun katerap ku kasakit, Kami nu bakal ngaleungitkeun panyakitna.

²⁶Di tanah tempat maraneh moal aya awewe kaluron, moal aya anu gabug, jeung maraneh bakal dipanjangkeun umur.

²⁷Bangsa-bangsa lawan maraneh rek disina ngompod sarieuneun ka Kami. Bangsa anu

merangan ka maraneh rek disina guyur tagiwur, musuh-musuh sina kalabur.

²⁸ Musuh-musuh maraneh ku Kami rek disina garugup. Urang Hiwi, urang Kanaan jeung urang Het, ana ku maraneh geus dijorag ku Kami rek dijongklok-jongklokkeun sina nyaringkah.

²⁹ Tapi disingkahkeunana moal disakalikeun di jero sataun, sabab lamun kitu tanahna bakal suwung jeung diareusian ku sato-sato galak, tangtu matak susah ka maraneh.

³⁰ Diusiranana rek ditungtut saeutik-saeutik, nepi ka maraneh cukup waktu pikeun ngarebut tanahna.

³¹ Wawatesan tanah maraneh nya eta ti semet Teluk Akaba kebat ka Walungan Eprat, jeung ti semet basisir Laut Tengah nepi ka gurun. Upama ku maraneh geus dijorag, pribumina ku Kami rek disina kadeseh ku maraneh datang ka kalalabur.

³² Maraneh ulah nyieun perjangjian naon-naon ka maranehna, sumawonna ka allah-allah sesembahanana.

³³ Ulah dibere cicing di nagara maraneh, supaya ulah jadi lantaran maraneh migawe dosa ka Kami. Lamun maraneh ngabakti ka allah-allah sesembahanana, geus tangtu maraneh kajiret terus carilaka."

24 ¹PANGERAN ngandika ka Musa, "Maneh kudu ka puncak ngadeuheus ka Kami, maneh, Harun, Nadab, Abihu, jeung

tujuh puluh kokolot Israil. Ti kajauhan keneh kudu geus sarujud ka Kami.

²Anu meunang datang deukeut ka Kami ngan maneh sorangan, nu sejen teu meunang kitu deui jalma loba teu meunang arunggah."

³Eta timbalan jeung sakabeh aturan ti PANGERAN teh ku Musa dicarioskeun ka jalma rea. Maranehna ngajawab, "Sagala timbalan PANGERAN seja diestokeun."

⁴Ti dinya timbalan-timbalan PANGERAN teh ku Musa diseratkeun. Isukna, isuk-isuk pisan Musa ngadegkeun hiji altar di suku eta gunung, jeung nangtungkeun batu dua welas siki, masing-masing ngalambangkeun tiap kaom Israil anu dua welas.

⁵Geus kitu anjeunna miwarang barudak bujang nyanggakeun kurban anu dibeuleum haturan PANGERAN, jeung mareuncit sapi sababaraha siki keur kurban panarima.

⁶Getih sato-sato kurban ku Musa dicandak saparona, diwadahan, anu saparona deui dikana-alterkeun.

⁷Sanggeus kitu anjeunna nyandak kitab perjangjian anu eusina timbalan-timbalan PANGERAN tea, tuluy diaoskeun ka jalma rea. Pok maranehna miunjuk, "Kuring seja tumut ka PANGERAN, sagala timbalana-Na seja diestokeun."

⁸Geus kitu Musa nyandak getih dina bokor tea, tuluy dikepret-kepret ka jalma rea, bari saurna, "Ieu getih ngukuhkeun perjangjian

anu dipidamel ku PANGERAN ka maraneh hal sakabeh pangandika-Na anu bieu dibaca."

⁹Ti dinya Musa, Harun, Nadab, Abihu, jeung tujuh puluh urang kokolot Israil naranjak ka gunung,

¹⁰sarta aranjeunna naringal Allah Israil. Sampean Mantenna kawas ngadampal ka nu jiga lante tina batu nilem warna biru langit, herang ngagenclang.

¹¹Eta para kapala Israil teh ku Allah henteu dikieu-kieu, sarta sanggeus naringal Allah aranjeunna dalahar leueut bareng.

¹²PANGERAN nimbalan ka Musa, "Hiap ka Kami, ka puncak. Sabot maneh di dieu ku Kami rek diserenan dua papan batu anu ditulisan ku pikukuh-pikukuh, anu kudu ditarurut ku urang Israil, beunang Kami nuliskeun."

¹³Seug Musa sasadiaan jeung Yosua anu ngabantu ka anjeunna, tuluy unggah ka eta gunung anu suci.

¹⁴Saur Musa ka para pamingpin, "Antosan di pasanggrahan nepi ka kaula jeung Yosua dongkap deui. Harun sareng Hur oge ngantosan di dieu bae, upama aya anu boga urusan sina datang ka aranjeunna."

¹⁵Musa unggah ka Gunung Sinai, gunungna tuluy diliputan ku mega.

¹⁶(24: 16-17) Gebrayna cahaya kamulyaan PANGERAN nyinaran eta gunung. Tembongna ka urang Israil eta cahaya teh kawas seuneu

hurung di puncak gunung. Eta gunung kaliputan ku mega genep poe lilana. Dina katujuh poena PANGERAN ngagentaan ka Musa, nyaur ti jero mega.

¹⁷ (24:16)

¹⁸ Musa nanjak ka puncak eta gunung nembus mega, sarta terus aya di dinya opat puluh poe opat puluh peuting.

25 ¹PANGERAN nimbalan ka Musa,
²"Bejakeun ka urang Israil, kudu marere pangbakti ka Kami. Tarimaan barang-barangna ku maneh, naon bae anu diridokeun ku maranehna,

³nya eta: emas, perak, tambaga;

⁴lenen lemes; wol biru, wol wungu, wol beureum; baju tina bulu embe;

⁵kulit domba jalu celepan beureum, kulit lemes; kayu pilang;

⁶minyak lampu; wawangian pikeun minyak pangistrenan jeung pikeun seuseungitan anu arum;

⁷ batu angkik jeung batu permata lianna pikeun naretes epod jeung oto Panghulu Agung.

⁸Jeung kudu nyieun hiji kemah suci pikeun Kami, sabab Kami rek linggih reureujeungan jeung maranehna.

⁹Jieun, lengkep jeung paparabotanana anu engke ku Kami ditembongkeun contona ka maneh."

¹⁰"Jeung sina nyieun hiji peti tina kayu pilang, panjangna 110 sentimeter, rubakna 66 sentimeter, luhurna 66 sentimeter.

¹¹Luar jerona kudu disaput ku emas murni, sisi sakurilingna kudu dielis ku emas keneh.

¹²Dina opat sukuna kudu diberean geugeulangan emas sabeulahna dua-dua.

¹³Jeung kudu nyieun rancatanana tina kayu pilang disaput emas,

¹⁴corokkeun kana geugeulangan eta peti, sabeulahna hiji rancatan.

¹⁵Rancatanana kudu diantep nyorok kana geugeulanganana ulah dicabut-cabut.

¹⁶Dua papan batu ti Kami anu ditulisan papakon-papakon tea asupkeun kana eta peti.

¹⁷Jieun tutupna, panjangna 110 sentimeter, rubakna 66 sentimeter.

¹⁸Tuluy nyieun mumukarabinan dua siki tina emas ketokan,

¹⁹pasangkeun dina tutupna, sabeulahna hiji-hiji. Masangkeunana kudu dihijkeun kana tutup peti tea.

²⁰Eta mumukarabinan kudu pahareup-hareup, beungeutna masing-masing tungkulkeun kana tutup peti, jangjangna sina meber ngauban petina.

²¹Dua papan batu tea teundeun di jero eta peti, tutupna terapkeun ti beulah luhur peti.

²²Nya di dinya Kami baris patepung jeung maneh, ngandikakeun papakon-papakon

Kami pikeun urang Israil ti luhureun turub pangraphih nya eta tutup peti tea, antara dua mumukarabinan."

²³"Jeung kudu nyieun hiji meja tina kayu pilang, panjangna 88 sentimeter, rubakna 44 sentimeter, jangkungna 66 sentimeter.

²⁴Kudu dilapis ku emas murni, sisi sakurilingna kudu dielisan ku emas.

²⁵Titimbirna sakuriling rubakna 75 milimeter, sisina kudu dielis ku emas.

²⁶Dina opat sukuna unggal juru kudu diberean geulang emas hiji-hiji paranti ngagotong eta meja.

²⁷Geulang-geulang paranti nyorokkeun rancatan lamun eta meja rek digotong, diterapkeunana kudu deukeut kana titimbir mejana.

²⁸Rancatanana oge kudu ku kayu pilang dilapis emas.

²⁹Tuluy nyieun piringna, cangkirna, kendina, jeung pingganna paranti ngahaturanan cianggur. Kabeh kudu tina emas tulen.

³⁰Eta meja diteundeunna kudu di hareupeun Peti Perjangjian, sarta salawasna kudu dieusi ku roti anu geus disucikeun pikeun Kami."

³¹"Kudu nyieun suku palita tina emas tulen. Tihang jeung dadamparna kudu emas ketokan. Berean papaes anu direkakeun kembang-kembang, lengkep katut kuncup jeung daun kembangna, hijikeun kana tihangna.

³²Tihangna kudu cabang genep, sabeulahna tilu-tilu.

³³Unggal cabang kudu dihias ku tilu papaes anu direkakeun kembang kanari, lengkep katut kuncup jeung daun kembangna.

³⁴Tihangna oge kudu dihias ku opat papaes anu direkakeun kembang kanari, lengkep katut kuncup jeung daun kembangna.

³⁵Handapeun unggal cabang kenca katuhu, masing-masing kudu diheuleutan ku papaes anu direkakeun kembang sapentol.

³⁶Pentol-pentol kembangna, cabang-cabangna, kitu deui tihang lampuna dijieunna kudu tina emas ketokan tulen sarta asal tina sagebleg.

³⁷Kudu nyieun palitana tujuh siki, pasang dina cabang-cabangna, seungeut, caangna ka hareupkeun.

³⁸Kudu nyieun cacapitna jeung tatadahna tina emas tulen.

³⁹Emas pikeun nyieun eta suku palita katut papaesna emas tulen, beuratna kudu tilu puluh lima kilo.

⁴⁰Sing ati-ati, nyieunna kudu cocog teu meunang mencog tina conto anu ku Kami diterangkeun di gunung."

26¹"Ari Kemah Suci, Kemah Tepangan Kami, ti jerona kudu make reregan sapuluh gebar tina lenen lemes anu digitir tina wol biru, wungu, jeung beureum.

Rereganana kudu make sulaman-sulaman
anu direkakeun mukarabin.

²Gebaranana kabeh saukuran, panjangna
12 meter, rubakna 2 meter.

³Anu lima gebar sambung-sambungkeun,
jait sagebarkeun, pon kitu anu lima gebar
deui.

⁴Kudu nyieun kakantet-kakantet tina lawon
biru, terapkeun kana tungtung-tungtung luar
tiap gebaran.

⁵Gebaran kahiji kakantetna lima puluh,
nerapkeunana sing meneran kana lima puluh
kakantet dina gebaran kadua.

⁶Dikantetkeunana kudu make kakantet tina
emas, lobana lima puluh siki.

⁷Kemah pongpok kaler ti luhurna kudu
dikeput ku lawon tina bulu embe, sawelas
gebar,

⁸masing-masing ukuranana kudu sarua,
panjangna 13 meter, rubakna 2 meter.

⁹Anu lima gebar sambung-sambung, jait
sagebarkeun, pon kitu anu genep gebar deui.
Gebar anu kagenep tilep dua di lebah Kemah
bagian hareup.

¹⁰Tungtung lambaran anu hiji dina sisina
kudu diberean lima puluh kakantet, kitu
keneh lambaran sejenna dina tungtung sisina
kudu diberean lima puluh kakantet.

¹¹Kudu nyieun lima puluh kakait tambaga,
tuluy terapkeun kana kakantet-kakantet

tea pikeun nyambungkeun supaya anu dua lambar teh jadi disalambarkeun.

¹²Reregan anu sapotong deui gantungkeun dina tukangeun Kemah.

¹³Leuleuwihna dina dua tungtung ka panjangna anu masing-masing 50 sentimeter, gantungkeun dina gigir Kemah dua beulahanana sina nutupan.

¹⁴Kudu nyieun dua deui pikeun tutup pangluarna, hiji tina kulit domba jalu beunang ngabeureuman, hiji deui tina kulit anu lemes.

¹⁵Pikeun Kemahna kudu nyieun papan-papan kayu pilang, sing lalempeng,

¹⁶anu ukuranana masing-masing panjangna opat meter, rubakna 66 sentimeter.

¹⁷sarta kudu make dua pupurus supaya bisa diranjing-ranjingkeun. Kabeh papan kudu dipupusan.

¹⁸Papan pikeun sisi kidul lobana dua puluh,

¹⁹make dadampar opat puluh siki tina perak, sapapanna dua-dua pikeun nahan pupurusna.

²⁰Pikeun sisi kaler dua puluh papan,

²¹dadampar perakna opat puluh, sapapanna dua-dua.

²²Pikeun sisi tukang beulah kulon genep papan.

²³Dina tiap juruna dua-dua papan.

²⁴Ieu papan-papan pojok dipasangna di handap kudu pasambung terus nepi ka luhur. Papan anu dua lambar anu ngawangun dua popojok, dijieunna kudu kitu.

²⁵Jadi kudu aya dalapan lambar papan,
katut genep belas dadampar perakna, unggal
papan dua-dua.

²⁶Kudu nyieun pikeun papalangna lima
welas siki tina kayu pilang, lima keur papalang
papan-papan Kemah sisi anu sabeulah,

²⁷lima keur papalang papan-papan sisi
anu sabeulah deui, lima deui keur papalang
papan-papan tukang beulah kulon.

²⁸Papalang panengah cicingna kudu
satengah tangtung papan jeung kudu kebat ti
tungtung nepi ka tungtung.

²⁹Papan-papanna kudu dilapis ku emas,
jeung kudu diberean geulang-geulang
tina emas keur imah papalang. Papalang-
papalangna oge kudu dilapis ku emas.

³⁰Jieun eta Kemah sing cocog jeung anu ku
Kami ditataan ka maneh di gunung.

³¹Rereganana nyieun hiji deui, lenen anu
ditinun jeung benang wol warna biru, wungu,
jeung beureum, sarta kudu dihias ku sulaman
anu direkakeun mukarabin.

³²Eta reregan gantungkeun dina opat tihang
kayu pilang lapis emas anu dadamparna
perak, cocogkeun jeung kakait-kakaitna.

³³Dipernahkeunana handapeun jajaran
cacantel anu dina lalangit Kemah, kait-
kaitkeun rereganana kana eta. Peti
Perjangjian anu dieusi dua papan batu tea,
teundeun di tukangeun eta reregan. Gunana

eta reregan pikeun wates anu misahkeun
Kamar Suci ti Kamar Pangsucina.

³⁴ Tutup pangraphihna pasang dina luhur Peti
Perjangjianana.

³⁵ Ari meja tea diteundeunna kudu di luareun
Kamar Pangsucina, nyanghareup ka sisi kaler,
ari suku palita diteundeunna nyanghareup ka
sisi kidul.

³⁶ Lawang asup ka jero Kemah kudu
ditetebengan ku reregan tina lenen lemes anu
ditinun jeung benang wol warna biru, wungu,
jeung beureum, dihias ku sulaman.

³⁷ Rereganana kudu make lima tihang tina
kai pilang anu dilapis ku emas. Tatapakan
tihang-tihangna kudu ku tambaga."

27 ¹"Kudu nyieun hiji altar tina kayu
pilang, pasagi, panjangna jeung
rubakna masing-masing 2,2 meter,
jangkungna 1,3 meter.

²Dina opat juru luhurna kudu make
tatandukan dihijkeun kana altarna. Altar
katut tatandukanana saluluar kudu dilapis ku
tambaga.

³Kudu nyieun dulangna pikeun wadah lebu,
sosodokna, bokor-bokor, garpuhna, jeung
piring-piringna pikeun wadah ruhak. Kabeh
dijieunna kudu ku tambaga.

⁴Kudu nyieun panggarangan tina tambaga,
unggal juruna kudu diceulian keur cecekel
tina tambaga.

⁵Teundeun eta panggarangan handapeun biwir altar, beungeut luhurna kudu nepi ka satengahna tina jangkungna altar.

⁶Kudu nyieun rancatan altar tina kayu pilang anu dilapis ku tambaga.

⁷Corokkeun rancatanana kana ceuli altar dua beulahanana lamun eta altar rek dipindahkeun.

⁸Altarna dijieunna ku papan dikolowongkeun, sakumaha anu ku Kami diterangkeun ka maneh di gunung."

⁹"Kemah Tepangan Kami teh kudu make palataran anu dikubeng ku reregan tina lenen anu lemes. Panjang reregan palataran sisi kidul kudu 44 meter,

¹⁰dipasangna kana dua puluh tihang tambaga anu masing-masing make tatapakan tambaga. Kakait tihangna jeung papalang-papalangna tina perak.

¹¹Latar sisi kaler oge sarua kudu kitu.

¹²Reregan palataran sisi kulon panjangna 22 meter, tihangna sapuluh, tatapakanana sapuluh.

¹³Palataran sisi wetan, anu aya lawangna, rubakna 22 meter.

¹⁴(27:14-15) Reregan kenca katuhueun lawangna masing-masing 6,6 meter, tihangna tilu-tilu, tatapakanana tilu-tilu.

¹⁵(27:14)

¹⁶Reregan lawangna panjangna kudu 9 meter tina lenen lemes anu ditinun jeung

benang wol warna biru, wungu, jeung beureum, jeung kudu disulam, tihangna opat, tatapakanana opat.

¹⁷ Tihang-tihang anu ngurilingan palataran kudu disambungkeun ku papalang-papalang tina perak, kakait-kakaitna tina perak, tatapakan-tatapakanana tambaga.

¹⁸ Ukuran palataran panjangna kudu 44 meter, rubakna 22 meter, luhurna 2,2 meter. Rereganana kudu lenen lemes, tatapakanana tambaga.

¹⁹ Paparabotan anu dipake di jero Kemah, kitu deui pancuh-pancuh Kemah jeung pancuh-pancuh palataranana kabeh tambaga."

²⁰ "Parentahkeun ka urang Israil kudu marere minyak jetun anu pangherangna, pikeun ngaminyakan palita di Kemah, supaya bisa diseungeut unggal peuting.

²¹ Eta palita di Kemah Tepangan Kami anu pernahna di luareun reregan hareupeun Peti Perjangjian, diseungeutna kudu ku Harun saanak-anak. Seungeut eta palita payuneun Kami, kudu hurung terus ti sore nepi ka isuk. Ieu kamistian kudu dijalankeun sapapanjangna ku urang Israil turun-tumurun."

28¹ "Harun, lanceuk maneh jeung anak-anakna, Nadab, Abihu, Elasar jeung Itamar, calukan. Pisahkeun ti urang

Israil sina jaradi imam purah ngawulaan Kami.

²Harun lanceuk maneh kudu dipangnyieunkeun pakean imam, ciri pangkat jeung martabatna.

³Calukan sakabeh tukang anu ku Kami geus dibere kaahlian, titah nyieun pakean pikeun Harun, supaya manehna bisa disucikeun jadi imam anu ngawulaan Kami.

⁴Maranehna titah nyieun oto, epod, jubah, kameja songket, dastar, jeung solempang. Maranehna sina nyieun eta pakean imam pikeun Harun jeung anak-anakna lalaki, paranti ngimaman ngawulaan Kami.

⁵Bahanna kudu wol warna biru, wungu jeung beureum, benang emas, jeung lenen lemes.

⁶Bahan pikeun epod lawonna tina wol warna biru, wungu jeung beureum, benang emas jeung lenen lemes. Epodna kudu disulam.

⁷Jeung kudu make tali taktak dua kenza katuhu,

⁸kitu deui tali beulitkeuneun kana cangkeng, dua jeung kudu dirara, bahanna sarua jeung bahan epodna.

⁹Nyokot batu permata dalima dua siki, ukir dina eta batu ngaran dua welas anak Yakub,

¹⁰nungturun nurutkeun panta-panta umurna, hiji batu genep ngaran.

¹¹Percayakeun batu permata dalimana ka juru ukir permata sina diukiran ku ngaran

dua welas anak Yakub, tuluy sina dicangkok ku emas.

¹²Terapkeun dina tali epod anu kana taktak pikeun ngalambangkeun dua welas kaom Israil. Ku kituna ngaran maranehna teh diemban dina taktak Harun, sangkan Kami salawasna mikainget ka umat Kami.

¹³Kudu nyieun cangkok emasna dua siki,

¹⁴kitu deui rantayna dua tina emas dirara. Batu-batu permata dalima cangkok emas tea gantelkeun kana eta rantay."

¹⁵"Pikeun Imam Agung kudu nyieun baju oto, gunana pikeun nganyahokeun pangersa PANGERAN. Bahanna sarua jeung bahan epod, pon kitu sulamanana kudu sarua.

¹⁶Potonganana kudu masagi jeung kudu dirangkep. Panjangna jeung rubakna masing-masing 22 sentimeter.

¹⁷Taretes ku batu-batu permata opat jajar. Permata jajaran kahiji: mirah dalima, manikem koneng, batu dalima.

¹⁸Permata jajaran kadua: jambrut, nilem jeung inten.

¹⁹Permata jajaran katilu: pirus, angkik, kucubung.

²⁰Permata jajaran kaopat: ratna-campaka, permata dalima jeung widuri pandan. Batu-batu permatana kabeh kudu dicangkok ku emas,

²¹ jeung dina permatana kudu diukiran ku ngaran-ngaran anak Yakub, hiji permata hiji ngaran, ngalambangkeun kaom-kaom Israil.

²² Kudu nyieun rantay tina emas murni dirarakeun cara tali, pikeun oto.

²³ Kudu nyieun dua ali-ali emas, tuluy pasang dina dua tungtung oto beulah luhur,

²⁴ sina ngagantel dina rantay emas anu dua tea.

²⁵ Tungtung rantay emas anu sabeulah deui cantelkeun kana cangkok emas anu dina taktak epod beulah hareup.

²⁶ Nyieun deui dua ali emas anu kudu diterapkeun dina tungtung-tungtung oto beulah handap dina sisi jero luareun epod.

²⁷ Nyieun deui dua ali emas, terapkeun dina taktak epod kenca katuhu ti handap beulah hareup deukeut kelinna, luhureun beubeur epod.

²⁸ Ali-ali oto tea beungkeutkeun kana ali-ali epod ku pita biru, nepi ka otona bener terapna luareun epod moal lesot.

²⁹ Tiap-tiap Harun asup ka Kamar Suci, eta oto anu make ngaran kaom-kaom Israil kudu dipake, sangkan Kami PANGERAN salawasna inget ka umat Kami.

³⁰ Simpen dina eta oto palebah angen, Urim jeung Tumim, supaya ana Harun asup ka tempat Kami anu suci, eta dua barang salawasna kabawa. Nya dina waktu-waktu kitu eta oto teh kudu dipakena ku Harun

pikeun nganyahokeun pangersa Kami ka urang Israil."

³¹ "Jeung kudu nyieun baju kurung pikeun di luareun epod. Bahanna kudu wol warna biru;

³² ti luhurna liangan paragi ngasupkeun sirah. Pinggiran liang beuheungna kudu dikelin ku lawon tinun supaya ulah soeh.

³³ (28: 33-34) Kelin beulah handap sakurilingna kudu diterapan dadalimaan tina wol warna biru, wungu jeung beureum, dipaselangkeun jeung genta-genta emas.

³⁴ (28: 33)

³⁵ Ana Harun keur ngimaman eta baju kudu dipake, supaya ari manehna asup ka tempat Kami di Kamar Suci, kitu deui dina waktu kaluarna, genta-gentana kadenge disarada, supaya manehna ulah tiwas ku Kami.

³⁶ Kudu nyieun hiji jamang emas murni, ukiran ku kalimah Suci kange PANGERAN.

³⁷ Gantelkeun eta jamang dina dastar lebah tarang ku pita biru.

³⁸ Sina dipake ku Harun dina tarang supaya barang-barang pangbakti ti urang Israil ka Kami ku Kami ditarima, sanajan upama urang Israil aya kasalahan dina hal ngabaktikeunana.

³⁹ Kamejana, dastarna, dijieunna tina lenen lemes, kitu deui solempangna oge tina lenen lemes jeung kudu dihias ku sulaman.

⁴⁰ Pikeun anak-anakna kudu dipangnyieunkeun kameja, solempang,

jeung kerepus, ciri pangkat jeung martabatna.

⁴¹ Sina diparake eta teh ku Harun, dulur maneh, jeung ku anak-anakna, tuluy jarenengkeun, minyakan ku minyak suci, jaradikeun imam purah ngawulaan kami.

⁴² Jeung deui Harun saanak-anakna kudu dipangnyieunkeun calana pondok ti semet cangkeng tepi ka pingping keur nutupan oratna.

⁴³ Ana Harun, kitu deui anakna, asup ka Kemah Tepangan Kami nyampeurkeun altar pikeun ngimaman di Kamar Suci, eta calana salawasna kudu dipake supaya ku Kami teu dipaehan dumeh tempong oratna. Ieu jadi pikukuh pikeun Harun salalawasna, turun-tumurun."

29 ¹"Pikeun kaperluan ngistrenan Harun jeung anak-anakna jadi imam, nya eta: Sapi jalu ngora hiji, domba jalu dua, kabeh ulah aya cacadna.

²Jeung tipung tarigu anu panglemesna tapi ulah diragian, sawareh jieun roti anu make minyak jetun, sawareh deui jieun kueh-kueh sejen anu diulasan minyak jetun,

³wadahan ku karanjang tuluy sanggakeun ka Kami jeung sapina jeung dombana.

⁴Harun saanak-anakna bawa ka lawang Kemah Tepangan Kami. Ku maneh kudu dikucuran ku cai, mandi suci.

⁵Dangdanan Harun ku pakean imam:
kameja, epod, baju kurung epod, oto,
beubeur.

⁶Dastarna terapkeun. Jamang suci anu make
kalimah Suci kangge PANGERAN gantelkeun
dina dastarna.

⁷Sirahna kucuran minyak suci ciri yen
diistrenan.

⁸Anak-anakna pakeanan kameja,

⁹solempang beulitkeun kana cangkengna,
pakekeun kerepusna. Kitu petana maneh
ngistrenan Harun jeung anak-anakna.
Maranehna saturunanana kudu jaradi imam
salalawasna, ngawulaan Kami.

¹⁰Sapi tungtun ka hareupeun Kemah
Tepangan Kami. Harun jeung anak-anakna
sina narumpangkeun leungeun kana sirah eta
sapi.

¹¹Eta sapi peuncit di payuneun Pangeran di
hareupeun lawang Kemah.

¹²Getihna sawareh kepret-kepret ku maneh
make ramo kana tatandukan altar. Getih
sesana tamplokkeun kabeh kana dasar liang
altar.

¹³Gajihna anu mulen jeroan laanan, kitu
deui babagian ati anu panghadena jeung dua
giginjelna katut gajihna, beuleum dina altar
jadi kurban pikeun Kami.

¹⁴Dagingna, kulitna, jeung peujitna, duruk
luareun pasanggrahan, jadi kurban pikeun
nebus dosa imam.

¹⁵Domba cokot hiji, Harun jeung anak-anakna sina numpangkeun leungeun kana sirah eta domba.

¹⁶Peuncit dombana, getihna sawareh kepret-kepret kana opat pongpok altar.

¹⁷Dagingna recah; jeroan jeung pingping tukang duanana kumbah, tuluy teundeun luhureun sirahna jeung babagian sejenna,

¹⁸beuleum kabeh dina altar jadi kurban kadaharan. Seungitna eta kurban baris kamanah ku Kami.

¹⁹Domba anu hiji deui, domba pangistrenan, cokot. Harun jeung anak-anakna sina numpangkeun leungeun kana sirah eta domba.

²⁰Peuncit dombana, getihna ulaskeun saeutik kana daun ceuli Harun jeung kana daun ceuli anak-anakna, nu katuhu, kana indung leungeunna nu katuhu, jeung kana indung sukuna nu katuhu. Getih sesana siramkeun kana opat pongpok altar.

²¹Getih anu dina altar cokot saeutik, jeung minyak suci saeutik, kepretkeun ka Harun jeung kana papakeanana, kitu deui ka anak-anakna jeung kana pakeanana. Ku hal eta Harun, anak-anakna, katut papakeanana baris jadi suci pikeun Kami.

²²Domba tea laanan gajihna, gajih buntut, gajih anu ngalampud jeroan, babagian ati anu panghadena, giginjelna duanana katut gajihna, jeung pingping tukang nu katuhu.

²³Eusi karanjang anu geus dibaktikeun ka Kami tea cokot sarupa-sarupa hiji-hiji: roti anu make minyak jetun hiji, anu teu make minyak jetun hiji, kuehna hiji.

²⁴Teundeun kana dampal leungeun Harun jeung anak-anakna, sarta ku maneh titah sanggakeun ka Kami, jadi pangbakti anu peryoga.

²⁵Cokot deui tuluy beuleum dina altar dina luhur kurban beuleuman anu tadi, jadi kurban kadaharan pikeun Kami. Angseuna eta kurban bakal katarima ku Kami.

²⁶Dada domba jalu tea cokot, sanggakeun ka Kami jadi pangbakti anu peryoga. Eta teh bagian pikeun maneh.

²⁷Kitu petana hal ngabaktikeun dada jeung pingping domba anu dipake ngistrenan imam ka Kami, jadi pangbakti anu peryoga, geus kitu eta pangbakti teh jadi bagian imam.

²⁸Hal ieu ku Kami geus dijieu pikukuh anu teu meunang dirobah, nya eta lamun umat Kami nyieun kurban panarima, dada jeung pingping sato kurban teh ajangkeun pikeun imam-imam, ngandung harti umat teh mere pangbakti ka Kami, PANGERAN.

²⁹Lamun Harun geus tilar dunya, pakean imam kudu turun ka anak-anakna, sina dipake ana maranehna diistrenan jadi imam.

³⁰Anak Harun anu diistrenan jadi imam gantina, anu baris baku asup ka Kemah Tepangan paranti Kami pikeun ngawulaan di

Kamar Suci, kudu make eta pakean tujuh poe lilana.

³¹ Daging domba anu dipake ngistrenan Harun jeung anak-anakna tea kudu dikulub di tempat anu suci.

³² Tuluy didahar jeung roti anu aya keneh dina karanjang tea, didaharna kudu di lawang Kemah Tepangan Kami.

³³ Jadi anu dipake kurban panebus dosa waktu maranehna diistrenan teh kudu didalahar. Anu meunang ngadalahar ieu kadaharan ngan imam-imam wungkul, sabab eta kadaharan teh kaayaanana geus suci.

³⁴ Lamun daging atawa roti tea nyesa teu kadahar nepi ka isukna kudu diduruk, teu meunang didahar sabab geus disucikeun.

³⁵ Jalanna upacara ngistrenan Harun jeung anak-anakna, lilana kudu tujuh poe jejeg, sakumaha anu ku Kami geus diandikakeun ka maneh.

³⁶ Unggal poe maneh kudu ngurbankeun hiji sapi jalu pikeun panghampura dosa. Hal ieu bakal ngamurnikeun altar. Geus kitu altar teh minyakan ku minyak jetun sina jadi suci.

³⁷ Kitu bae saterusna nepi ka tujuh poe. Lamun geus kitu, altar teh kaayaanana jadi kacida sucina, nepi ka sing saha anu nyabak atawa antel kana eta tangtu cilaka kasamber ku pangaruh kasucionana."

38 "Ka hareupna, saban poe kudu ngurbankeun dua anak domba umur sataun kana eta altar,

39 isuk hiji sore hiji.

40 Anu hiji dikurbankeunana kudu jeung tipung tarigu anu lemes sakilo beunang ngadonan ku minyak jetun anu herang saliter, jeung ditambah ku kurban cianggur saliter, kucurkeun.

41 Nu hiji deui dikurbankeunana pabuburit, jeung tipung, minyak jetun, jeung cianggur, lobana sarua jeung anu dikurbankeun isuk-isuk. Ieu jadi kurban kadaharan pikeun Kami, anu angseuna bakal kamanah ku Kami, PANGERAN.

42 Eta kurban beuleuman kudu dilampahkeun sapapanjangna ka Kami, di lawang Kemah Tepangan Kami, payuneun Kami. Nya di dinya Kami bakal nepungan umat Kami sarta ngandika ka maneh.

43 Nya di dinya Kami bakal nepungan urang Israil, sarta gebrayna cahaya kamulyaan Kami bakal nyucikeun eta tempat.

44 Kami bakal nyucikeun eta Kemah jeung altarna, sarta Harun jeung anak-anakna ku Kami rek dipisahkeun, dijadikeun imam purah ngawulaan Kami.

45 Kami bakal cicing di urang Israil, baris jadi Allahna.

46 Urang Israil kudu nyaraho yen Kami PANGERAN Allahna, anu ngaluarkeunana ti

Mesir, kersa linggih jumeneng di maranehna.
Kami teh PANGERAN Allahna."

30¹"Kudu nyieun altar tina kayu pilang
paranti ngukus.

²Ukuranana kudu pasagi, panjang jeung
rubakna masing-masing 45 sentimeter,
jangkungna 90 sentimeter. Berean
tatandukan di opat juru luhurna hijikeun kana
altarna.

³Beungeutna, badanna sakurilingna pon
kitu tatandukanana, kudu disaput ku emas.
Pinggiran biwirna kudu diwengku ku emas
sakurilingna.

⁴Di handapeun wengkuna kudu diceulian
kenca katuhu paranti nyorokkeun rancatan
ana kudu digotong dipindahkeun.

⁵Rancatanana kudu kayu pilang keneh,
disaput ku emas.

⁶Dipernahkeunana kudu di luareun reregan
hareupeun Peti Perjangjian, tempat Kami
patepung jeung maneh, engke.

⁷Unggal isuk, waktu Harun datang ngurus
palita, Harun kudu meuleum seuseungitan
anu arum dina eta altar.

⁸Pon kitu saban pabuburit, dina waktuna
nyeungeut palita. Nyanggakeun kurban
seuseungitan teh kudu mayeng dina waktuna,
teu meunang belang betong.

⁹Eta altar teu meunang dipake pikeun
kurban seuseungitan atawa kurban sato,

atawa kurban gandum, jeung teu meunang dikucuran cianggur.

¹⁰Sataun sakali eta altar kudu disetrakeun ku Harun, nya eta opat tatandukanana kudu diulasan getih sato anu dijieun kurban panghampura dosa. Kitu bae saterusna saban-saban taun. Eta altar kudu suci sama sakali, sembahkeuneun ka Kami, PANGERAN."

¹¹PANGERAN nimbalan ka Musa,

¹²"Lamun maneh geus ngitung cacah jiwa urang Israil, ungal jelema kudu mere upeti ka Kami pikeun panebus nyawa, sangkan dina waktu keur dicacahkeun ulah keuna ku balahi.

¹³Unggal jelema anu dicacahkeun kudu mayar duit upeti, jumlahna nurutkeun patokan anu ilahar. Unggal jelema wajib mayar eta upeti ka Kami,

¹⁴nya eta anu geus manjing dicacah, anu umurna ti dua puluh taun ka luhur.

¹⁵Gedena upeti pameuli umur teh kabeh sarua kudu sakitu, nu beunghar ulah mayar leuwih, nu miskin ulah mayar kurang.

¹⁶Pupul duitna ti urang Israil, gunakeun pikeun ongkos miara Kemah Kami. Jadi eta duit upeti teh pikeun tandon umur maranehanana, sangkan ku Kami dipikainget sarta bakal ditangtayungan."

¹⁷PANGERAN nimbalan ka Musa,

¹⁸"Kudu nyieun jolang tambaga, anu make dadampar tambaga. Tuluy pernahkeun antara Kemah jeung altar, eusian cai.

¹⁹(30: 19-20) Memeh asup ka Kemah atawa nyampurkeun altar rek ngurban kadaharan, Harun jeung anak-anakna kudu make eta cai keur ngumbah leungeun jeung suku. Ku cara kitu maranehna moal kungsi tiwas.

²⁰(30: 19)

²¹ Perlu maranehna ngumbah heula leungeun jeung suku supaya teu nepi ka paeh. Ieu jadi pikukuh pikeun maranehna saanak incu, turun-tumurun."

²²PANGERAN nimbalan ka Musa,

²³"Maneh kudu nyokot bahan-bahan wawangian lulugu, nya eta emur encer genep kilo, kayumanis wangi tilu kilo, tiwu wangi tilu kilo,

²⁴jeung kiamis genep kilo (timbangan beuratna kudu cocog kabeh jeung timbangan patokan), jeung minyak jetun opat liter.

²⁵Eta bahan-bahan kudu diaduk dijieun minyak bauran anu seungit, minyak suci paranti ngistrenan.

²⁶Eta minyak kudu dipake ngaminyakan Kemah Tepangan Kami, Peti Perjangjian,

²⁷meja sapuratina, ajug lampu jeung paparabotanana, altar pangukusan,

²⁸altar kurban beuleuman sapuratina, jeung jolang paranti beberesih katut dadamparna.

²⁹Eta barang-barang kudu diistrenan kitu petana, sanggeus kitu kaayaanana bakal jadi suci kabina-bina, sing saha anu nyabak atawa antel tangtu cilaka ku pangaruh kasucionana.

³⁰Geus kitu Harun jeung anak-anakna kudu diminyakan ku eta, diistrenan, disucikeun jaradi imam purah ngawulaan Kami.

³¹Caritakeun ka urang Israil, eta minyak teh minyak suci pikeun kaperluan ngawulaan Kami, pakeeun sapapanjangna.

³²Teu meunang dipake ngaminyakan sambarang jelema, jeung teu meunang aya anu nurutan nyieun minyak anu campuranana sarua jeung eta. Tegesna eta teh minyak suci anu kudu dipupusti kasucionana.

³³Sing saha anu nurutan nyieun, atawa make eta minyak ka jelema anu lain imam, ku Kami moal diaku deui umat."

³⁴PANGERAN nimbalan ka Musa, "Maneh kudu nyieun deui arum-aruman, bahanna menyan putih, onik, getah rasamala arum, jeung dupa anu tulen, masing-masing lobana kudu sarua.

³⁵Campurkeun kabeh jieun dupa sakumaha nyieun seuseungitan, tambahan ku uyah sangkan kaayaanana tetep murni tur suci.

³⁶Sawareh kudu digerus masing lembut tuluy bawa ka Kemah Kami, awur-awur hareupeun Peti Perjangjian. Ieu seuseungitan kudu dipupusti, suci kaliwat saking.

³⁷ Ulah aya anu nurutan nyieun anu campuranana saperti eta keur diri sorangan. Kudu dipupusti sakumaha ka barang suci baktikeuneun ka Kami.

³⁸ Saha-saha anu nurutan nyieun keur pakeeunana, ku Kami moal diaku deui umat."

31 ¹PANGERAN nimbalan ka Musa,
²"Kami geus milih hiji jelema ti kaom Yuda, ngaranna Besalel bin Uri, incu Hur,

³dieusian pangawasa Kami, dibere pangarti, kaahlian, jeung pangabisa kana juan-jieun rupa-rupa barang seni,

⁴mahir ngareka-reka jeung migawe barang-barang karajinan tina emas, perak, jeung tambaga;

⁵mahir meulah inten, ngukir kayu, kitu deui sarupaning barang-barang seni.

⁶Pikeun batur digawena ku Kami geus dipangmilihkeun Oholiab bin Ahisamak ti kaom Dan. Malah jalma-jalma ahli karajinan anu sejen oge ku Kami geus dibere pangabisa anu punjul, sina nyarieun naon bae sakur anu ku Kami diparentahkeun kudu dijieun, nya eta:

⁷Kemah Tepangan Kami, Peti Perjangjian katut tutup pangraphihna, barang-barang perhiasan Kemah,

⁸meja sapuratina, suku palita sapuratina tina emas murni, altar pangukusan,

⁹altar kurban beuleuman sapuratina, jolang katut dadamparna,

¹⁰pakean agung imam pikeun Harun jeung anak-anakna parantina ngimaman,

¹¹minyak pangistrenan, jeung seuseungitan anu arum pikeun di Kamar Suci. Dijieunna ku maranehna teh kabeh kudu cocog sakumaha anu ku Kami geus diandikakeun ka maneh tea."

¹²PANGERAN nimbalan ka Musa

¹³supaya misaur ka urang Israil, "Maraneh kudu ngagumatikeun poe Sabat, poe reureuh Kami, karana eta poe teh jadi tanda di antara Kami jeung maraneh turun-tumurun, anu nandakeun yen maraneh geus dipilih dijieu umat Kami.

¹⁴Ieu poe reureuh teh suci, ku maraneh kudu disucikeun. Saha-saha anu henteu ngestokeun, saha-saha anu barang gawe dina poe eta, kudu dipaahan.

¹⁵Pikeun maraneh barang gawe teh genep poe. Poe nu katujuh poe reureuh anu hidmat anu kudu dibaktikeun ka Kami. Saha bae, anu barang gawe dina poe eta kudu dipaahan.

¹⁶Poe Sabat ku urang Israil kudu digumatikeun, karana eta teh tanda tina perjangjian tea,

¹⁷tanda anu tetep antara urang Israil jeung Kami. Karana Kami, PANGERAN ngajadikeun langit jeung bumi di jero genep poe, ari dina poe nu katujuh Kami reureuh, liren tina sagala damel."

¹⁸ Sanggeus ngadawuh ka Musa di Gunung Sinai, Allah ka Musa maparinkeun dua papan batu tea, anu dieusi ku papakon-papakon kenging nyeratkeun Allah ku manten.

32 ¹ Sanggeus sakitu lilana Musa henteu lungsur-lungsur ti gunung, jalma-jalma teh karumpul ka Harun sarta miunjuk kieu ka anjeunna, "Duka katarajang naon Juragan Musa anu nginditkeun kuring sadaya ti Mesir teh, teu lungsur-lungsur. Ku margi kitu kuring sadaya pangdamelkeun hiji allah anu bakal mingpin."

² Saur Harun ka maranehna, "Laanan anting-anting anu diparake ku pamajikan, ku anak lalaki, ku anak awewe, kumpulkeun terus bawa ka Bapa."

³ Seug maranehna ngaralaanan anting emasna tuluy diserenkeun ka Harun.

⁴ Ku Harun dicandak tuluy dilebur kabeh dicitak jadi hiji sasapi emas. Ceuk jalma-jalma teh, "Eh urang Israil, tah ieu allah urang, anu ngaluarkeun urang ti Mesir!"

⁵ Harun tuluy ngadamel hiji altar, diadegkeun hareupeun eta sasapi emas, tuluy ngembarkeun kieu, "Isukan kudu pesta, ngagungkeun PANGERAN."

⁶ Isukna isuk-isuk keneh jalma-jalma geus rabul marawa sasatoan, sawareh keur kurban beuleuman, sawareh deui keur dijieun dahareun pikeun kurban panarima. Brek jalma-jalma dariuk, tuluy pesta

curak-curak nyaratu nginum, pestana robah jadi borak-borak jeung cabul.

⁷ PANGERAN nimbalan ka Musa, "Geuwat turun ayeuna keneh. Jalma-jalma meunang maneh ngaluuarkeun ti Mesir teh marigawe dosa, murtad ti Kami.

⁸ Pituduh laku anu ceuk Kami kudu dilakonan geus teu diparake pisan. Malah geus nyarieun sasapien emas dicitak, disarembah, dibere kurban. Carekna eta teh allahna, anu ngaluuarkeunana ti Mesir.

⁹ Eta jalma-jalma teh saenyana kacida ngaralawanna.

¹⁰ Ku Kami rek dibasmi, amarah Kami geus teu katahan. Maneh ulah nyoba-nyoba mondah Kami. Lamun maranehna geus dibasmi, maneh jeung turunan maneh rek dijieu hiji bangsa gede."

¹¹ Tapi Musa kacida muntang-muntangna ka PANGERAN Allahna, piunjukna, "Nun PANGERAN, naon damelna Gusti bendu dugi ka kitu ka eta jalmi-jalmi kenging Gusti ngajait ti Mesir, kenging ngarebut ku kawasa sareng kadigjayaan?

¹² Mana teuing piomongeun urang Mesir! Tangtos carekna mana eta umat kagungan ku Gusti dikaluuarkeun ti Mesir teh bade ditumpes di pagunungan, bade dibasmi sama sakali. Mugi ulah kateterasan bendu. Sing hawatos ka maranehna, ulah dugi ka dicilakakeun.

¹³ Mugi emut ka abdi-abdi Gusti, Ibrahim, Ishak, sareng Yakub. Gusti parantos ikrar kalayan hidmat bade ngajembarkeun turunan aranjeunna dugi ka seueurna sapertos bentang-bentang di langit, tur bade dipaparin tanah anu parantos dijangjikeun tea yen bade dimilikkeun ka maranehna salalanggengna."

¹⁴ PANGERAN lemper, teu tulus ngancamna ka umat-Na.

¹⁵ Musa lungsur ti gunung, nyandak dua papan batu anu dua beulahanana bulak-balik geus ditulisan papakon-papakon.

¹⁶ Anu ngadamel eta papan batu jeung anu ngukur papakon-papakonna PANGERAN ku manten.

¹⁷ Yosua ngareungeu sora anu surak, unjukan ka Musa, "Kakupingna di pasanggrahan teh sapertos keur perang."

¹⁸ Saur Musa, "Eta lain sora surak unggul, lain sora jerit anu eleh. Eta mah sora anu ngarawih."

¹⁹ Musa geus deukeut ka pasanggrahan. Katingalieun jalma-jalma keur ngarigel. Sasapien tea ge geus katingalieun. Anjeunna kacida benduna, nepi ka papan batu candakna teh dibeubeutkeun di dinya keneh, di suku gunung.

²⁰ Ti dinya sasapien teh ku anjeunna dicandak tuluy dilebur dijieun bubuk lembut, cur dicaian, tuluy sina diarinum ku urang Israil.

²¹ Geus kitu anjeunna mariksa ka Harun, "Akang teh dikumahakeun ku eta jalmi-jalmi, dugi ka ngantep maranehna marigawe dosa sakitu dorakana?"

²² Waler Harun, "Mugi rayi ulah bendu. Rayi langkung uninga, ieu jalmi-jalmi teh parantos bakatna kana awon.

²³ Kawitna maranehna nyanggem kieu ka Akang, Duka katarajang naon Juragan Musa anu ngaluarkeun kuring ti Mesir teh, teu lungsur-lungsur. Mana kuring sadaya pangnyieunkeun hiji allah anu bakal mingpin.

²⁴ Ku Akang dititah nyarererenkeun perhiasan-perhiasan emasna. Sakur anu garaduheun mah sadayana nyarererenkeun, seug ku Akang dilebur dina seuneu, nya jadi eta sasapian!"

²⁵ Geus kauninga ku Musa, yen pangna eta jelema-jelema jadi kawas kuda leupas ti gedogan teh lantaran dikencar kahayangna ku Harun, ngarerakeun maneh di hareupeun musuh.

²⁶ Ti dinya Musa ngadeg di lawang pasanggrahan, tuluy sasauran bedas, "Saha anu mihak ka PANGERAN, hiap nyampeurkeun!" Seug sakabeh urang Lewi nyalampeurkeun.

²⁷ Musa ngalahir ka maranehna, "Timbalan GUSTI Allah, Panutan Israil ka maraneh, soren pedang. Ideran pasanggrahan ti lawang ka lawang. Dulur, sobat, tatingga, paehan!"

²⁸ Prak urang Lewi ngajalankeun parentah Musa. Poe eta aya tilu rebu urang anu diparaehan.

²⁹ Saur Musa ka urang Lewi, "Poe ieu maraneh geus nyarucikeun diri sakumaha kuduna imam, ngalakonan gawe pikeun PANGERAN, geus rarido najan dititah maehan anak sorangan jeung baraya sorangan. Nu matak maraneh ku Mantenna diganjar ku berkah-Na."

³⁰ Poe isukna Musa ngalahir ka jalma rea, "Maraneh geus marigawe dosa anu doraka kabina-bina. Parandene kitu kami rek ka gunung deui ngadeuheus ka PANGERAN, sugar kami bisa mangmentakeun hampura pikeun maraneh."

³¹ Sanggeus kitu Musa unggah deui marek ka PANGERAN. Piunjukna, "Jalmi-jalmi teh parantos midamel dosa kalintang ageungna, nyarieun aallahan tina emas sareng disarembah.

³² Mugi dosana dihapunten. Upami Gusti teu kersa maparin hapunten ka maranehna, langkung sae ngaran abdi kenging Gusti nyeratkeun dina daptar ngaran-ngaran umat Gusti tea dipupus."

³³ PANGERAN ngawaler, "Anu rek dipupus ngaranna tina kitab Kami, nya anu geus marigawe dosa ka Kami.

³⁴ Ayeuna mah anteurkeun eta jelema-jelema teh ka tanah anu ku Kami geus

diandikakeun tea. Jeung inget, maneh bakal dipingpin ku malaikat Kami. Tapi eta jelema-jelema teh tangtu ku Kami dihukum ku karana dosana."

³⁵Ti dinya PANGERAN ngadatangkeun balahi ka eta jelema-jelema, anu geus maraksa ka Harun mangnyieunkeun sasapian emas.

33 ¹PANGERAN nimbalan ka Musa, "Jelema-jelema anu ku maneh dikaluarkeun ti Mesir teh bawa indit ti dieu, anteurkeun ka tanah anu ku Kami geus dijangjikeun ka Ibrahim, Ishak, jeung Yakub, pikeun turunanana.

²Malaikat Kami tangtu nyarengan ka maneh. Urang Kanaan, urang Emor, urang Het, urang Pares, urang Hiwi, jeung urang Yebus, bakal disingkahkeun.

³Anu keur diteang teh tanah anu gemah ripah. Tapi Kami mah pribadi moal milu bareng, bisi ana maranehna baha heug ku Kami dilebur di tengah jalan."

⁴Barang urang Israil ngadarenge aya timbalan kitu, kacida naralangsaeunana, nepi ka teu daraekeun marake deui perhiasan.

⁵Wantu-wantu PANGERAN nimbalan ka maranehna ku Musa, timbalan-Na, "Maraneh jalma-jalma basangkal. Lamun Kami bareng jeung maraneh, sakeudeung ge tangtu maraneh ku Kami dilebur. Mana ayeuna mah ulah marake deui perhiasan, engke Kami rek nangtukeun kudu kumaha ka maraneh teh."

⁶Anu matak barang bring ti Gunung Sinai, urang Israil geus teu marake deui perhiasan.

⁷Unggal-unggal urang Israil masanggrahan, Kemah suci teh ku Musa dicandak, tuluy dipasang rada anggang ti pasanggrahan. Eta Kemah disebutna Kemah Tepangan PANGERAN. Saha-saha anu hayang ngadeuheus ka PANGERAN, kudu ka dinya asup.

⁸Ana Musa kaluar angkat ka eta kemah, jalma-jalma kudu narangtung di lawang kemahna masing-masing bari mencrong, nepi ka Musa lebet.

⁹Ana Musa geus lebet, tihang mega tea turun tuluy nanjeur di lawang eta Kemah, sarta PANGERAN bakal nimbalan ka Musa tina eta mega.

¹⁰Lamun geus narenjo tihang mega tea turun jeung nanjeur di lawang Kemah, jalma-jalma kudu buru-buru sarujud.

¹¹PANGERAN ngadawuh ka Musa teh papayun-payun, cara jelema cacarita jeung sobatna. Sanggeus kitu Musa mulih ka pasanggrahan. Tapi budak ngora pangbantu Musa, Yosua bin Nun tea, tetep aya di eta Kemah.

¹²Musa miunjuk ka PANGERAN, "Timbalan Gusti abdi kedah nganteurkeun eta jalmi-jalmi ka tanah di ditu, nanging saha anu ku Gusti bade diutus nyarengan abdi, ku Gusti teu diwartoskeun. Ongkoh saur Gusti ka abdi teh

kenal pisan, sareng nyaurkeun yen abdi teh ku Gusti dipisuka.

¹³Upami leres mah abdi mendak kurnia dina soca Gusti, atuh wartoskeun pangersa teh bade kumaha, supados abdi tiasa ngawulaanana, sareng supados tetela yen leres abdi teh kamanah. Mugi diemut, ieu bangsa teh ku Gusti parantos dipilih dijadikeun umat Gusti."

¹⁴PANGERAN ngadawuh, "Kami kersa nyarengan, maneh rek dibere kaunggulan."

¹⁵Piunjuk Musa, "Upami Gusti teu kersa nyarengan, atuh abdi sadaya ulah dipiwarang mios ti ieu tempat.

¹⁶Margi kumaha bakal katawisna Gusti mikurnia ka umat kagungan sinareng ka diri abdi, upami teu kersa nyarengan? Katawisna abdi sadaya dipunjulkeun ti bangsa-bangsa sajagat teh upami Gusti aya di tengah abdi sadaya."

¹⁷Dawuhan PANGERAN, "Hade, sapamenta maneh rek diturut, lantaran Kami ka maneh teh geus teu asa-asa jeung resep."

¹⁸Piunjuk Musa, "Upami kitu, abdi hoyong ditembongan kamulyaan Gusti."

¹⁹PANGERAN ngawaler, "Heug, sagala kamulyaan Kami bakal ngaliwat ka hareupeun maneh, sarta jenengan Kami anu suci rek disebut. Kami, PANGERAN, rek nempongkeun katresnan jeung kawelas ka jelema anu kaanggo ku Kami.

²⁰Tapi pameunteu Kami mah moal ditembongkeun, sabab moal aya anu kuat nenjo, tangtu tiwas.

²¹Ieu di gigireun Kami aya gunung karang, pek engke maneh ka dieu, nangtung dina ieu gunung karang.

²²Dina waktu kamulyaan Kami katembong liwat ngagebray, maneh rek diasupkeun kana guha dina eta gunung karang, sarta panangan Kami rek dipindingkeun ka maneh nepi ka Kami enggeus ngaliwat.

²³Lamun panangan Kami geus diangkat, anu bakal katenjo ku maneh ngan pungkur Kami bae, pameunteu mah moal ditembongkeun."

34 ¹PANGERAN nimbalan ka Musa, "Maneh kudu nyieun papan batu saperti anu ti heula, dua gebleg. Ku Kami rek ditulisan deui papakon-papakon tina batu anu ti heula anu ruksak ku maneh.

²Isukan isuk-isuk kudu geus aya, bawa unggah ka puncak gunung Sinai, ngadeuheus ka Kami.

³Ulah mawa saha-saha. Teu meunang aya anu ngalanto ka ieu gunung lebah mana bae. Malah domba jeung sapi oge ulah sina nyaratuan di suku ieu gunung."

⁴Musa ngadamel papan batu dua gebleg, isukna isuk-isuk dicandak unggah ka puncak Gunung Sinai, sakumaha timbalan PANGERAN.

⁵ Ti dinya PANGERAN lungsur nitihan mega, ngadeg palebah Musa bari nyebatkeun jenenganana nu suci: PANGERAN.

⁶ Geus kitu lar PANGERAN ngalangkung ka payuneun Musa bari ngagenta kieu, "Kami PANGERAN, nya eta Allah anu sipat welas, sipat karunya, tara barangasan, sugih kaasih, sipat satuhu.

⁷ Teguh kana jangji ka rebuan turunan, satia ngahampura dosa jeung kadorakaan. Parandene kitu moal teu ngahukum ka anak incu jelema-jelema anu marigawe dosa, nepi ka turunan katilu jeung kaopat."

⁸ Bruk Musa sujud kana taneuh, ngabakti ka Mantenna.

⁹ Pok miunjuk, "Nun PANGERAN, upami yaktos Gusti mikurnia ka diri abdi, mugi kersa angkat nyarengan ka abdi sadaya. Leres jalmi-jalmi teh barahula, nanging mugi dosa sareng kadorakaanana dihapunten. Abdi sadaya mugi ditampi jadi umat Gusti."

¹⁰ PANGERAN nimbalan ka Musa, "Ayeuna Kami rek ngayakeun perjangjian pikeun urang Israil. Kami rek ngadamel mujijat-mujijat di hareupeun maranehna, kaahengan-kaahengan anu di mana-mana ge tacan katarenjo ku bangsa-bangsa di sakuliah jagat. Eta jelema-jelema teh rek dibere nenjo mujijat-mujijat anu araheng dadamelan Kami, PANGERAN, sabab Kami rek

ngayakeun perkara-perkara anu pikahelokeun kabina-bina.

¹¹ Estokeun pikukuh-pikukuh ti Kami, anu poe ieu rek diserenkeun ka maneh. Dina waktu maneh geus prung ngarurug ka ditu, Kami rek nyinkahkeun urang Emor, urang Kanaan, urang Het, urang Pares, urang Hiwi, jeung urang Yebus.

¹² Poma, ulah ngayakeun perjangjian naon-naon jeung pribumi eta tanah anu bakal diasupan ku maneh, bisi jadi pangjiret anu nyilakakeun.

¹³ Anggur bongkaran altar-altarna, burak-barik pilar-pilar brahalana, kitu deui lambang-lambang Dewi Asera, tuaran.

¹⁴ Pacuan ngabakti ka aallahaan batur anu mana bae. Sabab Kami PANGERAN, moal nyabaran ka nu nandingan.

¹⁵ Anu matak teu meunang nyieun perjangjian jeung bangsa-bangsa eta nagara teh, bisi diondang diajak ngabakti jeung ngurban ka brahala-brahala, bisi kagoda milu ngadahar kurban anu disuguhkeun ka aallahaan-aallahana.

¹⁶ Jeung supaya anak maraneh ulah nepi ka baroga pamajikan ka awewe eta bangsa, heug engke kabawa nyembah ka brahalana, murtad ti Kami.

¹⁷ Ulah nyitak aallahaan, ulah nyembah ka nu kitu.

¹⁸Kudu nekanan Pesta Roti Teu Make Ragi sakumaha timbalan Kami tea. Dina eta pesta maraneh kudu dalahar roti anu teu make ragi, tujuh poe lilana. Ari waktuna nya eta dina bulan Abib, sabab dina bulan Abib maraneh budal ti Mesir.

¹⁹Sakabeh cikal lalaki jeung cikal jalu sato piaraan, kagungan Kami.

²⁰Tapi cikal kalde mah kudu ditebus, diganti ku anak domba dikurbankeun. Lamun teu ditebus kudu ditekuk. Anak cikal anu lalaki kabeh kudu ditebus. Jeung ari ngadareuheus ka Kami teu meunang lengoh, kudu mere pangabakti.

²¹Pikeun barang gawe, maraneh boga waktu genep poe. Dina poe nu katujuh, sanajan keur usum ngawuluku atawa usum dibuat, teu meunang digarawe.

²²Kudu nekanan Pesta Panen, waktuna dina ngamimitian panen gandum. Kudu nekanan Pesta Saung, waktuna dina usum mpu bubuhan.

²³Tilu kali dina sataun sakabeh lalaki kudu daratang ngabakti ka Kami, PANGERAN, Allah Israil.

²⁴Sanggeus Kami nyingkahkeun bangsa-bangsa tea engke, jeung geus ngalegakeun wewengkon tanah maraneh, sapanjang maraneh keur nekanan eta pesta anu tilu rupa, moal aya musuh anu wanieun ngarurug ka nagara maraneh.

²⁵ Waktu ngurbankeun sato ka Kami, ulah nyuguhkeun roti anu make ragi. Sato peuncitan anu dikurbankeun dina Pesta Paska, dagingna teu meunang disesakeun nepi ka isukna.

²⁶ Unggal-unggal taun, ka gedong panglinggihan Kami kudu marawa hasil panen gandum anu diala pangheulana. Ngulub daging anak domba atawa anak embe, teu meunang ku cisusu indungna."

²⁷ PANGERAN nimbalan deui ka Musa, "Tuliskeun eta timbalan-timbalan anu bieu teh, sabab eta timbalan-timbalan teh jadi dasar perjangjian anu ku Kami rek dipidamel ka maneh jeung ka urang Israil."

²⁸ Ari Musa ayana di PANGERAN teh opat puluh poe opat puluh peuting, teu tuang teu leueut. Saungeling perjangjian, nya eta Sapuluh Timbalan, ku anjeunna diseratkeun.

²⁹ Geus kitu Musa lungsur ti Gunung Sinai nyandak papan batu Sapuluh Timbalan tea. Jeung ku sabab geus sasauran jeung Allah, rarayna mani moncorong. Tapi anjeunna mah henteu ngaraoseun.

³⁰ Orokaya Harun jeung jalma rea barang narenjoeun raray anjeunna ngempur teh kacida sarieuneunana, nepi ka henteu waranieun deukeut.

³¹ Ku Musa disalaur. Sanggeus Harun jeung para pamingpin Israil nyalampeurkeun, Musa cacarios.

³²Ti dinya mah jalma rea nyalampeurkeun ngalingkung ka anjeunna. Musa ngalahirkeun sakabeh pikukuh ti PANGERAN anu diandikakeun ka anjeunna di Gunung Sinai.

³³Sanggeus tamat ngalahirna, Musa nutupan rarayna ku cindung.

³⁴Dibuka-dibuka sanggeus lebet ka Kemah Tepangan PANGERAN. Ana kaluar ti dinya rek ngumumkeun sakur anu ku PANGERAN didawuhkeun ka anjeunna pikeun urang Israil,

³⁵rarayna anu moncorong teh dicindungan deui, nepi ka lebethna deui ka jero Kemah baris unjukan ka PANGERAN.

35¹Musa ngumpulkeun sakumna bangsa Israil, geus kitu ngalahir, "Kieu timbalan PANGERAN anu ku maraneh kudu diarestokeun:

²Maraneh kudu digarawe teh genep poe bae. Poe nu katujuh poe suci, poe reureuh anu hidmat pikeun Kami, PANGERAN. Saha-saha anu barang gawe dina poe eta pasti kudu dipaahan.

³Dina poe Sabat mah teu meunang ngahurungkeun seuneu-seuneu acan di imah."

⁴Ngalahir deui Musa ka sakumna bangsa Israil, "Kieu anu didawuhkeun ku PANGERAN.

⁵Maraneh kudu mere derma haturan PANGERAN, saha bae anu rido, naon bae

mana suka, naon anu rek didermakeun:
emas, perak, tambaga;

⁶lenen lemes, wol biru, wol wungu, wol
beureum; lawon tina bulu embe;

⁷kulit domba beunang ngabeureuman; kulit
lemes; kayu pilang;

⁸minyak pikeun palita; bahan-bahan
wawangian keur minyak pangistrenan jeung
pikeun seuseungitan anu arum;

⁹batu angkik jeung sarupaning batu permata
lianna, tareteskeuneun dina epod jeung oto
Imam Agung."

¹⁰"Sakur anu baroga kaahlian barang jieun,
kudu nyarieun barang-barang pamundut
PANGERAN, nya eta:

¹¹Kemah, lapisna, tutup luarna, cacantel-
cacantelna, papan-papanna, papalang-
papalangna; tihang-tihangna jeung
tatapakan-tatapakanana;

¹²Peti Perjangjian, tutup pangraphna,
rancatanana jeung unak-anikna;

¹³meja, rancatanana, paparabotanana
sapuratina katut roti suci haturan Allah;

¹⁴suku palita salengkepna jeung palita-
palitana kitu deui minyakna;

¹⁵altar pangukusan, rancatanana, minyak
pangistrenan, jeung seuseungitan anu arum;
reregan pikeun lawang Kemah;

¹⁶altar paranti kurban beuleuman katut
panggaranganana tina tambaga, rancatanana,

kitu deui pakakas-pakakasna; jolang paranti kukumbah jeung dadamparna;

¹⁷ reregan palataran, tihang-tihangna katut dadamparna, reregan pikeun lawang palataran;

¹⁸ pancuh-pancuh Kemah jeung tambang-tambangna; kitu deui pancuh-pancuh jeung tambang-tambang pikeun di palataranana;

¹⁹ pakean agreng para imam paranti babakti di Kamar Suci, nya eta pakean suci pikeun Imam Harun jeung anak-anakna."

²⁰ Ti dinya urang Israil bubar ti payuneun Musa.

²¹ Geus kitu murubul deui marawa pangabakti haturkeuneun ka PANGERAN sasukana-sasukana, nya eta bahan-bahan pikeun nyieun Kemah Tepangan, pikeun nyieun paparabotan paranti ngabakti, kitu deui bahan pikeun nyieun pakean imam.

²² Anu daratang teh awewe lalaki sakur anu rido ngahaturkeun pangbakti ka PANGERAN. Aya anu mere panith, anting, ali, kongkorong, jeung perhiasan emas lianna, dibaktikeun ka PANGERAN.

²³ Aya anu mere lenen lemes, wol biru, wol wungu, wol beureum; lawon bulu embe, kulit domba beunang ngabeureuman, jeung kulit anu lemes.

²⁴ Anu kuatna mere perak atawa tambaga, merena eta, dibaktikeun ka PANGERAN. Anu

boga kayu pilang pikeun dijieun naon bae,
merena eta.

²⁵ Para wanita anu barisa ngagintir,
nyaranggakeun benang lenen anu lemes,
jeung benang wol warna biru, wungu, jeung
beureum, beunang maranehna ngagintir.

²⁶ Maranehna nyarieun oge benang tina bulu
embe.

²⁷ Para pamingpin aya anu mere batu
ratna-campaka, aya anu mere batu-batu
permata lianna, tareteskeuneun dina epod
jeung oto;

²⁸ aya anu marere bahan-bahan wawangian
jeung minyak pikeun lampu, pikeun
nyieun minyak pangistrenan, jeung pikeun
seuseungitan anu arum.

²⁹ Urang Israil rarido ngabakti ka PANGERAN,
pikeun nyieun barang-barang anu ku
PANGERAN geus diandikakeun ka Musa.

³⁰ Geus kitu Musa ngalahir ka urang Israil,
"PANGERAN geus nyaur Besalel bin Uri, incu
Hur, ti kaom Yuda.

³¹ Ku Allah geus dieusian ku pangawasa-Na,
dipaparin kabinangkitan jeung pangabisa,
ngarti kana nyieun sarupaning barang seni,

³² ahli ngareka barang-barang tina emas,
perak, tambaga, reujeung migawena;

³³ ahli meulah inten pikeun diukir dijieun
barang-barang perhiasan, ahli ngukir kayu
jeung sarupaning barang seni.

³⁴ Manehna jeung Oholiab bin Ahisamak ti kaom Dan geus disina saranggupeun ngajardeun pangabisana ka anu sejen.

³⁵ Oholiab ku PANGERAN dipaparin pangabisa nyieun sarupaning barang ukiran, nyieun model-model, migawe lenen lemes, wol biru, wol wungu, wol beureum jeung lawon lianna. Duanana sanggup nyieun rupa-rupa barang jeung mikiran model-modelna.

36 ¹Besalel, Oholiab, jeung tukang-tukang anu sejen, anu ku PANGERAN geus dipaparin pangabisa jeung kanyaho, anu ngalarti kana sagala rupa anu tumali jeung kaperluan nyieun Kemah Suci, kudu nyieun eta barang-barang sakumaha timbalan PANGERAN."

² Geus kitu Musa nyaur Besalel, Oholiab, jeung tukang-tukang anu sejen, anu ku PANGERAN geus dipaparin pangabisa tur iklas ngabarantu barang gawe, ditimbalan mimiti digarawe.

³ Barang-barang pangbakti ti urang Israil pikeun kaperluan nyieun Kemah Suci tea ku Musa diserenkeun ka maranehna. Tapi unggal isuk urang Israil teh merul keneh bae marawa pangbakti ka Musa.

⁴ Anu matak tukang-tukang teh

⁵ arunjukan ka Musa, "Hatur uninga, derma ti jalmi-jalmi teh parantos seueur teuing, langkung ti anu kedah dianggo

ngadamelan barang-barang anu dipiwarang
ku PANGERAN."

⁶Ti dinya Musa miwarang ngiderkeun
parentah ka pasanggrahan, yen derma pikeun
Kemah Suci teh eureunan bae, tong aya anu
derma deui. Geus kitu kakara jelema-jelema
teh eureun dermana.

⁷Ari derma-derma anu geus asup geus
leuwih ti cukup pikeun nganggeuskeun sagala
rupa barang anu kudu dijieun.

⁸Ari Kemah Tepangan PANGERAN dijieunna
teh ku tukang-tukang anu pangpintera.
Mimitina nyieun rereganana, tina lenen lemes
sapuluh gebar, anu ditinun jeung wol warna,
biru, wungu, beureum, tuluy disulam ku
sulaman-sulaman anu direka mukarabin.

⁹Tiap gebar saukuran, panjang dua welas
meter, rubak dua meter.

¹⁰Anu lima gebar diranjingkeun, dijait
dijieun sagebar. Pon kitu anu lima gebar deui.

¹¹Sisi luar gebaran unggal setel ku
maranehna diberean kakantet-kakantet tina
lawon biru,

¹²lima puluh kakantet dina gebaran nu
hiji setelan kahiji, dicangreudkeun kana
lima puluh kakantet anu aya dina tungtung
gebaran setelan anu kadua.

¹³Maranehna nyieun lima puluh kakait
emas, tuluy anu dua gebaran teh dihijkeun
ku eta kakait-kakait.

¹⁴Tuluy nyieun lapis Kemah tina lawon bulu
embe sawelas gebar,

¹⁵kabeh saukuran, panjang tilu welas meter,
rubak dua meter.

¹⁶Anu lima gebar diranjingkeun dijait dijieun
sagebar, pon kitu anu genep gebar deui.

¹⁷Dina sisi gebaran panungtung setelan
nu hiji ku maranehna diberean lima puluh
kakantet, kitu keneh dina sisi gebaran setelan
nu hiji deui lima puluh kakantet.

¹⁸Ti dinya nyieun kakantet-kakantetna tina
tambaga, lima puluh siki pikeun ngantetkeun
eta anu dua gebar sina ngahiji.

¹⁹Seug nyieun deui lapis, dua gebar, nu hiji
tina kulit domba beunang ngabeureuman, nu
hiji deui tina kulit lemes, pikeun tutup Kemah
beulah luar.

²⁰Geus kitu nyieun papan-papan anu
lalempeng tina kayu pilang, pikeun Kemah.

²¹Ukuran masing-masing panjang opat
meter, rubak genep puluh genep sentimeter,

²²marake dua pupurus supaya bisa
diranjing-ranjingkeun. Unggal papan kabeh
make pupurus kitu.

²³Papan pikeun pongpok kidul nyieun dua
puluhan lembar,

²⁴katut opat puluh tatapakanana tina
perak pikeun naham dua pupurus handap,
sapapanna dua tatapakan.

²⁵Pikeun kemah pongpok kaler nyieun dua
puluhan papan,

²⁶katut tatapakan perakna opat puluh,
sapapanna dua tatapakan.

²⁷Pikeun pongpok Kemah beulah tukang beh
kulon nyieun genep papan.

²⁸Pikeun popojok-popojokna masing-masing
dua papan.

²⁹Papan dina popojok diranjingkeunana
tina dasar nepi ka congo luhur. Kitu petana
masang papan pojok, sina nyiku.

³⁰kabehna aya dalapan papan pojok katut
genep welas tatapakan perakna, sapapanna
dua tatapakan.

³¹Ti dinya nyieun papalang-papalangna
tina kayu pilang. Pikeun nahan papan-papan
pongkok Kemah beulah ditu lima papalang,

³²pikeun nahan papan-papan pongkok
beulah dieu lima papalang, pikeun nahan
papan-papan pongkok tukang beulah kulon
lima papalang.

³³Papalang-papalang anu panengah
dipalangkeunana satengahna tina luhurna
papan-papan, malang ti tungtung Kemah
beulah dieu nepi ka tungtung beulah ditu.

³⁴Papan-papanna kabeh dilapis ku emas,
kabeh marake imah tulak tina emas
paragi nyorokkeun papalang-papalang.
Papalang-papalangna oge kabeh dilapis ku
emas.

³⁵Ti dinya nyieun deui reregan tina lenen
lemes anu ditinun jeung wol warna biru,

wungu jeung beureum, sarta disulam ku sulaman-sulaman anu direkakeun mukarabin.

³⁶ Geus kitu nyieun tihang reregan opat tina kayu pilang lapis emas, make kakait-kakait tina emas, jeung opat tatapakanana tina perak.

³⁷ Reregan pikeun lawang kemah lawonna lenen lemes anu ditinun jeung wol warna biru, wungu, jeung beureum, dihias ku sulaman.

³⁸ Pikeun tihang rereganana nyieun lima, make kakait-kakait. Congo-congo tihang jeung papalang-papalangna kabeh dilapis ku emas, katut lima tatapakanana tina tambaga.

37 ¹Besalel nyieun Peti Perjangjian tina kayu pilang, panjangna 110 sentimeter, rubakna 66 sentimeter, jangkungna 66 sentimeter.

²Luar jerona dilapis ku emas, sarta sakurilingna diwengkuhan ku emas.

³Opat sukuna kenca katuhu make geugeulangan emas paranti ngagotong, sabeulahna dua-dua.

⁴Tuluy nyieun rancatanana tina kayu pilang disaput emas,

⁵seug dicorokkeun kana geugeulanganana kenca katuhu.

⁶Ti dinya nyieun tutupna tina emas tulen, panjangna 110 sentimeter, rubakna 66 sentimeter.

⁷Geus kitu nyieun dua mukarabin tina emas ketokan,

⁸dipasang dihijkeun kana tutup peti tungtung pada tungtung,

⁹disina pahareup-hareup tarungkul kana tutup peti, jangjangna maleber mayungan.

¹⁰Geus kitu Besalel nyieun meja tina kayu pilang, panjangna 88 sentimeter, rubakna 44 sentimeter, jangkungna 66 sentimeter,

¹¹saluluarna dilapis ku emas, sisi-sisina dielis ku emas,

¹²sarta sakurilingna make titimbir rubakna 75 milimeter, terus diwengku ku emas.

¹³Dina opat popojok lebah sukuna make geugeulangan emas paranti ngagotong.

¹⁴Eta geugeulangan paranti nyorokkeun rancatan supaya mejana bisa digotong, diterapkeunana deukeut kana garis sisi.

¹⁵Tuluy nyieun rancatanana tina kayu pilang dilapis ku emas.

¹⁶Paparabotan pikeun eta meja kabeh tina emas: piring, cangkir, kendi, jeung bokor-bokor paranti ngahaturkeun cianggur.

¹⁷Geus kitu Besalel nyieun suku palita tina emas tulen. Dadampar jeung tihangna tina emas ketokan. Papaesna direkakeun kembang-kembang, lengkep katut kuncup jeung daun kembangna, ngahiji kana badanna.

¹⁸Cabangna kena katuhu aya genep, sabeulahna tilu-tilu.

¹⁹Unggal cabang genepanana make tilu papaes direkakeun kembang kanari, lengkep katut kuncup jeung daun kembangna.

²⁰Tihangna make opat papaes anu direkakeun kembang kanari, lengkep katut kuncup jeung daun kembangna.

²¹Handapeun unggal cabang kenza katuhu, masing-masing diheuleutan ku papaes anu direkakeun kembang sapentol.

²²Pentol-pentol kembangna, cabang-cabangna, jeung tihangna, kabeh emas ketokan anu ngajadi sahiji bagian.

²³Sanggeus kitu tuluy nyieun palitana tujuh pasangkeuneun dina eta suku palita. Ti dinya nyieun cacapitna jeung tatadahna tina emas tulen.

²⁴Emas tulen anu dipake nyieun eta suku palita lengkep jeung parabotna, beuratna 35 kilo.

²⁵Geus kitu Besalel nyieun altar tina kayu pilang pikeun pangukusan. Ukuranana pasagi, panjangna 45 sentimeter, rubakna 45 sentimeter, jangkungna 90 sentimeter, tatandukanana dihijkeun ka dinya di opat juruna.

²⁶Beungeutna, badanna sakurilingna jeung tatandukanana disaput ku emas, biwirna sakurilingna diwengku ku emas.

²⁷Tuluy diceulian kenza katuhu handapeun wengkuna paranti ngagotong, dicorok ku rancatan.

²⁸Rancatanana tina kayu pilang dilapis ku emas.

²⁹Geus kitu Besalel nyieun minyak suci paranti ngistrenan, kitu deui seuseungitan anu arum anu tulen dicampur cara buatan tukang wawangian.

38¹Altar pikeun ngaduruk kurban dijieunna tina kayu pilang, ukuranana pasagi, panjang jeung rubakna masing-masing 2,2 meter, jangkungna 1,3 meter.

²Di opat pojok luhurna diberean tatandukan anu dihijkeun kana altarna. Saluluarna dilapis ku tambaga.

³Tuluy nyieun paparabotanana: dulangna, sosodokna, bokor-bokorna, garpuhna, jeung piring ruhakna. Kabeh dijieunna tina tambaga.

⁴Geus kitu nyieun panggaranganana tina tambaga, diteundeunna handapeun biwir eta altar, jangkungna satengah tina jangkungna altar.

⁵Tuluy nyieun opat geugeulangan pikeun nyorokkeun rancatan, diterapkeunana di opat juru eta altar.

⁶Seug nyieun rancatanana tina kayu pilang dilapis ku tambaga,

⁷dicorokkeun kana geugeulanganana kenga katuhu. Eta altar dijieunna make papan dikolowongkeun.

⁸Geus kitu Besalel nyieun jolang tina tambaga, dadamparna oge tina tambaga. Ari

tambagana beunang ngumpulkeun, nya eta eunteung-eunteung para wanita purah lalayan di lawang Kemah Tepangan PANGERAN.

⁹ Geus kitu Besalel nyieun reregan pikeun ngabudeur palataran Kemah Tepangan PANGERAN tina lenen lemes. Panjang reregan pikeun sisi kidul 44 meter.

¹⁰ Tihang rereganana tambaga, lobana dua puluh tihang katut tatapakanana dua puluh, tambaga keneh. Kakait-kakait tihangna kitu deui papalang-papalangna tina perak.

¹¹ Palataran sisi kaler oge ukuranana sarua jeung anu beulah kidul.

¹² Reregan pikeun sisi kulon panjangna 22 meter. Tihang rereganana sapuluh, tatapakanana sapuluh, kakait-kakaitna jeung papalang-papalangna tina perak.

¹³ Palataran sisi wetan anu aya lawangna, rubakna sarua jeung nu beulah kulon, 22 meter.

¹⁴ (38: 14-15) Reregan kenza katuhueun lawang panjangna masing-masing 6,6 meter, tihang rereganana kenza katuhu tilu-tilu, nya kitu deui tatapakanana kenza katuhu tilu-tilu.

¹⁵ (38: 14)

¹⁶ Reregan anu dipake ngubengan palataran, lawonna kabeh lenen lemes.

¹⁷ Tatapakan tihang-tihang rereganana kabeh tina tambaga, kakait-kakait jeung papalang-papalang tihangna kabeh tina perak, kitu deui congo-congo tihangna oge

dilapis ku perak. Tihang-tihang reregan sakurilingeun palataran, nu hiji ka nu hiji deui disambungkeun ku papalang tina perak.

¹⁸ Reregan pikeun lawang palataran bahanna lenen lemes ditinun jeung wol warna biru, wungu, jeung beureum, dihias ku sulaman. Panjangna 9 meter, jangkungna 2 meter, sarua jeung reregan palataranana.

¹⁹ Tihang rereganana opat, tatapakanana opat tina tambaga, kakait-kakait jeung papalangna perak, congona dilapis ku perak.

²⁰ Pancuh-pancuh Kemah kitu deui pancuh-pancuh sakuriling palataranana kabeh tina tambaga.

²¹ Ieu daptar lobana logam anu dipake di jero Kemah Tepangan PANGERAN, tempat nyimpen dua papan batu anu ditulisan Sapuluh Timbalan tea. Anu miwarang nyieun ieu daptar teh Musa, ari nu migawena jalma-jalma urang Lewi anu diatur ku Itamar putra Imam Harun.

²² Barang-barang anu dipundut ku PANGERAN tea kabeh geus anggeus dijieunna ku Besalel bin Uri incu Hur ti kaom Yuda,

²³ anu dibaturan ku Oholiab bin Ahisamak ti kaom Dan, ahli ngukir, ahli nyieun model, ahli ninun kain lenen jeung wol warna biru, wungu, jeung beureum.

²⁴ Lobana emas anu dibaktikeun ka PANGERAN pikeun Kemah Suci, beuratna

sarebu kilo, nurutkeun patokan timbangan resmi.

²⁵ Lobana perak tina upeti cacah jiwa aya 3.430 kilo nurutkeun patokan timbangan resmi.

²⁶ Jumlahna cocog sakumaha anu kudu dibayar ku nu geus meujeuhna dicacahkeun tea, mayarna masing-masing sakumaha diwajibkeunana, ditimbangna nurutkeun patokan resmi. Anu dicacahkeunana nya eta lalaki anu umurna ti dua puluh taun ka luhur, jumlahna aya 603.550 urang.

²⁷ Perak tea anu 3.400 kilo dipake nyieun saratus tatapakan pikeun Kemah Suci jeung pikeun tihang-tihang reregan, hiji tatapakan beuratna 34 kilo.

²⁸ Anu 30 kilo deui ku Besalel dipake ngalapis congo-congo tihang.

²⁹ Lobana tambaga anu dibaktikeun ka PANGERAN 2.425 kilo.

³⁰ Ku Besalel dipake nyieun tatapakan lawang Kemah Tepangan PANGERAN, dipake nyieun altar katut panggaranganana, dipake nyieun paparabotan altar,

³¹ dipake nyieun tatapakan tihang-tihang sakuriling palataran jeung di lawang palataran, kitu deui pancuh-pancuh Kemah jeung pancuh-pancuh sakuriling palataran.

39¹ Ari pakean agreng pikeun imam-imam keur pakeeun ari babakti di Kamar Suci, bahanna wol biru, wungu, jeung

beureum. Prak we tukang-tukang teh nyieun pakean imam pikeun Harun, nurutkeun sakumaha timbalan PANGERAN ka Musa.

²Nyieun epodna tina lenen lemes, wol biru, wungu, jeung beureum, jeung benang emas.

³Sarta eta tukang-tukang teh ngetok emas sina meber tuluy diguntingan aripis, diterap-terapkeun kana kaen lenen lemes jeung kana wol warna biru, wungu, jeung beureum tea.

⁴Geus kitu nyieun tali tak takna dua, dijaitkeun kana tungtung-tungtung epod ti luhur kena katuhu supaya eta oto bisa dipageuhan.

⁵Tuluy nyieun tali beubeurna tina bahan anu eta keneh, dijaitkeun kana epodna sina ngahiji, sakumaha timbalan PANGERAN ka Musa tea.

⁶Ti dinya nyadiakeun batu-batu permata dalima tuluy dicangkokan ku emas disusunkeun, sarta batuna diukiran ku dua welas ngaran putra-putra Yakub, kacida alusna,

⁷seug diterapkeun dina tali tak tak epod kena katuhu, ngalambahkeun dua welas kaom Israil, sakumaha timbalan PANGERAN ka Musa.

⁸Ari otona bahanna sarua jeung bahan epod, sulamanana oge sarua.

⁹Bangunna pasagi jeung dirangkep. Panjangna 22 sentimeter, rubakna oge sakitu.

¹⁰Eta oto ditaretes ku batu-batu permata opat jajar. Permata jajaran kahiji: mirah dalima, manikem koneng jeung batu dalima.

¹¹Permata jajaran kadua: jambrut, nilem jeung inten.

¹²Permata jajaran katilu: pirus, angkik jeung kucubung.

¹³Permata jajaran kaopat: ratna-campaka, permata dalima, jeung widuri pandan. Permatana kabeh dicangkok ku emas.

¹⁴Unggal batu permatana diukiran ku ngaran pala putra Yakub, ngalambangkeun dua welas kaom Israil.

¹⁵Otona make dua rantay emas murni anu dirarakeun siga tali,

¹⁶dua cangkok emas, jeung dua ali emas. Ali emasna dijaitkeun dina tungtung oto beulah luhur kenca katuhu,

¹⁷sarta rantay emas tea dicantelkeun kana eta dua ali.

¹⁸Ari tungtung rantay nu sabeulah deui duanana dicantelkeun kana dua cangkok emas anu ayana dina tali taktak epod beulah hareup kenca katuhu.

¹⁹Nyieun deui dua ali emas, dijaitkeun dina tungtung-tungtung oto beulah handap dina sisina beulah jero luareun epod.

²⁰Nyieun deui dua ali emas, tuluy dijaitkeun kana puhi tali taktak epod beulah hareup deukeut kelinna, luhureun tali beubeur epod kenca katuhu.

²¹ Sakumaha timbalan PANGERAN ka Musa, ali-ali oto jeung ali-ali epod dirempetkeun tuluy dibeungkeut ku pita biru, supaya otona bener cicingna di luhureun tali beubeur jeung supaya henteu lesot.

²² Ari baju kurung anu baris dipake luareun epod bahanna kabeh wol biru.

²³ Pinggiran beuheungna sakurilingna dikelin ku lawon tinun supaya henteu soeh.

²⁴ (39: 24-26) Tungtung handap nu ngarumbay sakurilingna dirarawisan ku dadalimaan tina lenen lemes jeung wol biru, wungu, beureum, dipaselangkeun jeung genta-genta laleutik tina emas tulen, sakumaha timbalan PANGERAN ka Musa.

²⁵ (39: 24)

²⁶ (39: 24)

²⁷ Jeung nyieun kameja pikeun Harun jeung putra-putrana pameget,

²⁸ dastar, kerepus, calana pondok tina lenen lemes;

²⁹ nyieun solempang tina lenen lemes jeung tina wol warna biru, wungu jeung beureum, dimamanis ku sulaman, sakumaha timbalan PANGERAN ka Musa.

³⁰ Jeung nyieun perhiasan jamang suci tina emas murni, diukiran kalimah "Suci bade ka PANGERAN".

³¹ Eta perhiasan digantelkeun kana dastar beulah ti hareup ku tali warna biru, sakumaha timbalan PANGERAN ka Musa.

³² Sagala rupa pagawean anu tumali jeung Kemah Tepangan PANGERAN geus anggeus kabeh. Ku urang Israil dijieunna kabeh cocog jeung timbalan PANGERAN ka Musa.

³³ Geus kitu Kemah teh disanggakeun ka Musa jeung sakabeh paparabotanana: kakait-kakait, papan-papan, papalang-papalang, tihang-tihang katut tatapakan-tatapakanana;

³⁴ tutup tina kulit domba beunang ngabeureuman, tutup tina kulit lemes; reregan aling-aling;

³⁵ Peti Perjangjian anu dieusi dua papan batu, rancatanana, tutupna;

³⁶ meja jeung sakabeh paparabotanana katut roti haturkeuneun ka Allah;

³⁷ suku palita tina emas tulen, palita-palitana, sakabeh paparabotanana katut jeung minyak lampuna;

³⁸ altar emas; minyak pangistrenan; seuseungitan anu arum; reregan lawang Kemah;

³⁹ altar tambaga katut panggarangan tambagana; rancatanana jeung sakabeh paparabotanana; jolang paranti kukumbah jeung dadamparna;

⁴⁰ reregan-reregan palataran, tihang-tihang katut tatapakan-tatapakanana; reregan lawang palataran jeung tambang-tambangna, pancuh-pancuh Kemah, sakabeh paparabotan pakeeun di jero Kemah;

⁴¹ pakean agreng imam paranti babakti di Kamar Suci, nya eta pakean suci pikeun Imam Harun sapala putra.

⁴² Eta kabeh dijieunna ku urang Israil teh cocog jeung pangandika PANGERAN ka Musa.

⁴³ Seug eta barang-barang teh ku Musa dipariksaan hiji-hiji. Sanggeus kauninga yen kabeh cocog sakumaha pamundut PANGERAN, seug sakabehna ku Musa diberkahan.

40 ¹ PANGERAN nimbalan ka Musa,
² "Kemah Tepangan PANGERAN teh adegkeun dina tanggal hiji bulan kahiji.

³ Peti Perjangjian anu dieusi Sapuluh Timbalan tea simpen di eta Kemah, halangan ku lalangse ti hareupna.

⁴ Meja ka jerokeun, parabotna tatakeun. Suku palita asupkeun, palita-palitana terapkeun.

⁵ Altar emas pangukusan teundeun hareupeun Peti Perjangjian, lawang Kemahna alingan ku lalangse.

⁶ Altar kurban beuleuman teundeun hareupeun Kemah.

⁷ Jolang paranti kukumbah teundeun antara Kemah jeung altar, eusian cai.

⁸ Jieun palataran Kemah, kubeng, lawangna alingan ku lalangse.

⁹ Kemah jeung paparabotanana istrenan, lisahan ku minyak suci supaya jadi suci.

¹⁰Tuluy altar jeung paparabotanana istrenan, lisahan ku minyak suci, tanwande jadi suci.

¹¹Pon kitu jolang paranti kukumbah jeung alasna, sucikeun saperti kitu.

¹²Harun jeung anak-anakna bawa ka lawang Kemah, tuluy sina mandi suci.

¹³Harun dangdanan ku pakean imam, lisahan sangkan jadi suci, layak jadi imam anu ngawula ka Kami.

¹⁴Anak-anakna kamejaan,

¹⁵tuluy lisahan saperti bapana, supaya jaradi imam ngawulaan Kami. Ieu pangistrenan bakal ngukuhkeun maranehna jeneng imam saterusna."

¹⁶Musa ngajalankeun piwarangan PANGERAN.

¹⁷Dina tanggal hiji bulan kahiji, taun kadua ti barang kaluar ti Mesir, Kemah Tepangan PANGERAN geus nangtung.

¹⁸Ku Musa geus dilantean, dipapanan, dipapalangan, tihang-tihangna geus ditangtungkeun,

¹⁹lapis-lapis Kemah beulah jero jeung tutup luarna geus diterapkeun sakumaha timbalan PANGERAN.

²⁰Papan batu anu dua gebleg tea ku Musa geus diasupkeun ka jero Peti Perjangjian, rancatan petina geus dicorokkeun kana geugeulanganana, tutup petina geus dipasang di luhurna.

²¹ Petina disimpen di jero Kemah, jeroeun lalangse aling-aling, jadi eta Peti Perjangjian teh dibunikeun, sakumaha dipiwarangna ku PANGERAN.

²² Ari meja diteundeunna di jero Kemah teh di sisi kaler luareun reregan,

²³ sarta roti haturan PANGERAN ditata dina eta meja sakumaha dipiwarangna ku PANGERAN.

²⁴ Ari suku palita diteundeunna di Kemah teh di sisi kidul, paeunteung-eunteung jeung eta meja,

²⁵ sarta palita-palitana geus diseungeut di payuneun PANGERAN, sakumaha dipiwarangna ku Mantenna.

²⁶ Altar emas ku anjeunna diteundeunna di jero Kemah, hareupeun reregan,

²⁷ seug dibeuleuman seuseungitan anu arum sakumaha timbalan PANGERAN.

²⁸ Lawang kemah geus dialingan ku lalangse,

²⁹ sarta di hareupeun lalangsena Musa neundeun altar paranti kurban beuleuman jeung kurban gandum, sakumaha dipiwarangna ku PANGERAN.

³⁰ Jolang paranti kukumbah diteundeunna di antara Kemah jeung eta altar, dieusian cai.

³¹ Musa, Harun, jeung putra-putra Harun, kudu wawasuh heula panangan jeung sampean ku cai tina eta jolang,

³² samemeh lebet ka jero Kemah atawa nyampeurkeun altar, sakumaha timbalan PANGERAN.

³³ Palataran sakuriling Kemah jeung altar ku Musa geus dipidamel, lawang palataranana geus dialingan ku lalangse. Geus kitu sagala padamelan Musa teh beres.

³⁴ Geus kitu Kemah teh diliputan ku mega bray aya cahaya matak serab nandakeun yen PANGERAN hadir ngeusian eta Kemah.

³⁵ Ku hal eta Musa jadi teu iasa lebet.

³⁶ Ari urang Israil, samangsa-mangsa eta mega unggah ti Kemah, bral parindah masanggrahanana.

³⁷ Sapanjang eta mega tacan unggah mah maranehna tacan waka parindah masanggrahanana.

³⁸ Sapanjang maranehna ngalalakon di jalan, eta mega anu nandakeun yen PANGERAN hadir teh mun ti beurang katembong mayungan Kemah, mun ti peuting katembong ngagebur luhureun Kemah.

I mamat

1 ¹ Musa ku PANGERAN disaur ti jero Kemah
Tepangan PANGERAN tuluy dipaparin
aturan

² tina hal kurban pikeun urang Israil. Kieu:
Lamun aya anu ngurbankeun sato, meunang
sapi atawa domba atawa embe.

³ Lamun anu rek dijieu kurban beuleuman
teh sapi, kudu anu jalu sarta mulus. Jogokeun
sapina hareupeun lawang Kemah Tepangan,
sina kamanah ku PANGERAN.

⁴ Tumpangkeun leungeun nu boga kurban
kana sirah eta sapi, geus kitu kakara bakal
katampi keur kurban pamupus dosa.

⁵ Peuncit di dinya, getihna sanggakeun
ka PANGERAN ku imam turunan Harun,
kepret-kepret kana sakuriling altar anu aya di
lawang Kemah.

⁶ Kulitna sisit, awakna potongan.

⁷ Imam kudu nyuluhan altar, sakalian
ngahurungkeun suluhna.

⁸ Sapi beunang motongan teh tumpangkeun
luhureun seuneu katut sirah jeung gajihna.

⁹ Jeroan jeung pingping tukang duanana ku
nu boga kurban kudu dikumbah sing beresih,
tuluy teundeun ku imam kana altar, hijikeun
jeung baturna. Jadi kabeh kurbankeun. Ieu

kurban kadaharan, anu bakal katampi ku PANGERAN nya eta seungitna.

¹⁰Lamun pikurbaneunana domba atawa embe, sarua keneh kudu jalu tur mulus.

¹¹Peuncit gigireun altar sisi kaler, kepret-kepret getihna ku imam kana sakuriling altar.

¹²Awakna potongan ku nu boga kurban, sagala babagian katut sirah jeung gajihna teundeun ku imam kana altar.

¹³Jeroan jeung pingping tukang duanana sina dikumbah ku nu boga kurban, kakara haturkeun ku imam ka PANGERAN, beuleum kabeh dina altar. Anu bakal katampi ku PANGERAN nya eta seungitna.

¹⁴Lamun manuk, kudu manuk japati atawa tikukur.

¹⁵Eta manuk ku imam kudu dibawa kana altar, beuheungna palitekkeun, sirahna beuleum dina altar. Urutan getihna sina ngeclak kana biwir altar.

¹⁶Telih jeung eusina piceun alungkeun kana tempat lebu wetaneun altar.

¹⁷Cekel puhu jangjangna, sowehkeun dadana sina beulah, tapi jangjangna ulah nepi ka semplak. Beuleum dina altar. Anu bakal katampi ku PANGERAN nya eta seungitna.

2¹Lamun ngahaturkeun kurban tina gandum ka PANGERAN, gandumna kudu ditipungkeun heula. Tipungna kucuran minyak jetun, tumpangan dupa.

²Bawa ka imam turunan Harun. Ku imam eta tipung comot sakeupeul jeung minyakna saeutik, dupana cokot kabeh, tuluy beuleum dina altar, pikeun sarat yen eta kurban geus dihaturkeun kabeh ka PANGERAN. Anu bakal katampi ku PANGERAN nya eta seungitna.

³Tipung sesana keur imam, sarta kaayaanana jadi kacida sucina lantaran asal tina hancengan PANGERAN.

⁴Saupama kurban kadaharan teh beunang meuleum, henteu meunang make ragi. Anu kandel, ngadonanana kudu ku minyak jetun, anu ipis ulasan ku minyak jetun.

⁵Lamun bangsa dadar, ngadonanana kudu ku minyak jetun, teu meunang make ragi.

⁶Geus didadar kudu diremuk-remuk heula, tuluy kucuran minyak jetun, kakara kurbankeun.

⁷Lamun dibuburkeun, adonanana kudu make minyak jetun.

⁸Bikeun eta adonan ka imam sina dibawa ka altar, haturkeuneun ka PANGERAN.

⁹Ku imam adonanana kudu dicokot saeutik, tuluy sina dibeuleum dina altar, pikeun sarat yen eta kurban geus dihaturkeun kabeh ka PANGERAN. Anu bakal katampi ku PANGERAN nya eta seungitna.

¹⁰Sesana keur imam, sarta kaayaanana jadi kacida sucina, sabab asal tina hancengan PANGERAN.

¹¹ Sagala rupa kurban kadaharan tina gandum ulah diragian. Pacuan tutuangeun haturan PANGERAN mah ulah make ragi atawa madu.

¹² Saban metik panen, indung panen kudu disanggakeun ka PANGERAN, tapi ulah dibawa kana altar, lain keur beuleumeun.

¹³ Sagala rupa kurban tina gandum kudu make uyah, sabab uyah teh jadi ciri perjangjian antara maraneh jeung Allah. Jadi sagala rupa kurban kudu diuyahan.

¹⁴ Lamun rek nyanggakeun kurban tina gandum panen munggaran, kudu anu geus disanggray atawa tipungna.

¹⁵ Tuluy campuran ku minyak jetun jeung tumpangan dupa.

¹⁶ Sabagian eta tipung jeung minyak katut dupana kabeh ku imam kudu dibeuleum, pikeun tanda yen kabeh geus dihaturkeun ka PANGERAN, dijieun kurban kadaharan.

3 ¹ Lamun aya anu ngahaturkeun kurban panarima, sarta anu rek dikurbankeunana teh sapi, jalu meunang bikang meunang, tapi kudu anu mulus.

² Tumpangkeun leungeun kana sirah eta sapi, peuncit sapina di hareupeun lawang Kemah Tepangan PANGERAN. Kepret-kepret getihna ku imam turunan Harun kana sakuriling altar.

³ Tuluy sanggakeun pikurbaneunana, jieun kurban kadaharan haturan PANGERAN.

Babagian anu kudu dihaturkeun nya eta kabeh gajih jeroan,

⁴giginjel duanana jeung gajihna, jeung babagian ati anu pangalusna.

⁵Beuleum kabeh dina altar ku imam, hijikeun jeung baturna anu geus aya dina altar. Anu bakal katampi ku PANGERAN nya eta seungitna.

⁶Lamun pikurbaneunana domba atawa embe, jalu meunang bikang meunang, tapi kudu anu mulus.

⁷Upama domba,

⁸tumpangkeun leungeun nu boga kurban kana sirah eta domba, peuncit dombana hareupeun Kemah Tepangan. Kepret-kepret getihna ku imam kana sakuriling altar.

⁹Haturkeun pikurbaneunana, jieun kurban kadaharan haturan PANGERAN. Babagian anu kudu dihaturkeun nya eta gajih, buntutna saweuteuhna anu pinuh ku gajih anu dipotong tina bagalna, sakabeh gajih anu ngabulen eusi beuteungna,

¹⁰giginjel duanana jeung gajihna, jeung babagian ati anu pangalusna.

¹¹Beuleum kabeh dina altar ku panghulu, jieun kurban kadaharan haturan PANGERAN.

¹²Upama embe,

¹³tumpangkeun leungeun nu boga kurban kana sirah eta embe, peuncit embena hareupeun Kemah Tepangan. Kepret-kepret getihna ku imam kana sakuriling altar.

¹⁴ Babagian anu kudu dihaturkeun keur kurban kadaharan nya eta sakabeh gajih anu ngabulen eusi beuteungna,

¹⁵ giginjel duanana jeung gajihna, jeung babagian ati anu pangalusna.

¹⁶ Beuleum kabeh dina altar ku imam jieun kurban kadaharan, anu bakal katampi ku PANGERAN. Gajihna haturkeun kabeh ka PANGERAN.

¹⁷ Urang Israil sanajan di mana bae teu meunang ngadahar gajih atawa getih. Ieu katangtuan kudu digumatikeun saumur-umur ku urang Israil.

4 ¹Aya deui pangandika PANGERAN ka Musa.

²Musa kudu ngembarkeun ka urang Israil, yen lamun aya anu boga dosa lantaran ngalanggar cegahan PANGERAN teu kahaja, kudu nekanan ieu aturan.

³Upama anu boga dosa teh Imam Agung, anu geus tangtu mawa ka sakumna rayat, manehna kudu ngurbankeun sapi jalu ngora anu mulus ka PANGERAN, pikeun nebus dosana.

⁴Jogokeun sapina di hareupeun lawang Kemah Tepangan, tumpangkeun leungeun kana sirah eta sapi, peuncit sapina di dinya payuneun PANGERAN.

⁵Imam Agung kudu nyokot getihna saeutik bawa asup ka jero Kemah.

⁶Anclomkeun ramona kana eta getih,
kepret-kepret getihna tujuh kali ka hareupeun
lalangse suci.

⁷Sawareh deui oles-oles kana juru
tatandukan pangukusan di eta Kemah. Getih
sesana bahekeun kana dasar liang altar anu
di lawang Kemah, pikeun kurban beuleuman.

⁸Sapi teh ala kabeh gajihna, gajih anu
ngabulen eusi beuteung,

⁹giginjel duanana jeung gajihna, jeung
babagian ati anu pangalusna.

¹⁰Gajihna beuleum ku imam dina altar,
kurbankeun sakumaha halna gajih sato
kurban-panarima.

¹¹Ari kulitna, kabeh dagingna, sirahna,
sukuna, jeroanana, peujit jeung eusina,

¹²bawa ka luareun pasanggrahan ka tempat
beberesih, nya eta tempat miceun lebu,
beuleum di dinya make suluh.

¹³Upama anu dosana sakumna bangsa
Israil, sarta jadi kasalahan anu ngalanggar
cegahan PANGERAN ngan teu kahaja,

¹⁴ti barang eta dosa kanyahoan, jalma kabeh
kudu nyokot sapi keur kurban pamupus dosa.
Bawa sapina ku maranehna ka hareupeun
Kemah Tepangan.

¹⁵Para kokolot kudu narumpangkeun
leungeun kana sirah eta sapi, tuluy peuncit
sapina di dinya.

¹⁶Getihna sawareh kudu dibawa ku Imam
Agung ka jero Kemah Tepangan,

¹⁷ celupkeun ramona kana eta getih, tuluy kepret-kepret ka hareupeun lalangse tujuh kali.

¹⁸ Sawareh deui ku Imam Agung kudu dioles-oles kana juru tatandukan altar pangukusan di eta Kemah. Getih sesana bahekeun kana dasar liang altar anu di lawang Kemah, pikeun kurban beuleuman.

¹⁹ Gajihna kabeh kudu dibeuleum dina altar.

²⁰ Prakprakanana sakumaha halna ngurbankeun sapi jalu pikeun kurban pamupus dosa. Ku jalan kitu rahayat sakumna dipangurbankeun ku imam tangtu dosana dihampura.

²¹ Awak sapina bawa ka luareun pasanggrahan tuluy beuleum sakumaha kurban pikeun nebus dosa imam. Kitu carana kurban pikeun nebus dosa sakumna rayat.

²² Upama anu boga dosa teh gegeden, teu kahaja ngalanggar salah sarupa cegahan PANGERAN,

²³ ti barang ngarasa yen boga dosa, eta gegeden kudu buru-buru nyokot embe jalu anu mulus keur kurban.

²⁴ Eta gegeden kudu numpangkeun leungeun kana sirah eta embe, tuluy embena peuncit gigireun altar beulah kaler, paranti meuncit kurban beuleuman. Eta teh kurban pamupus dosa.

²⁵ Imam kudu nyelupkeun ramo kana getih eta embe, tuluy getihna oles-oles kana

tatandukan altar. Getih sesana bahekeun kana dasar liang altar.

²⁶Kabeh gajihna ku imam kudu dibeuleum dina altar sakumaha gajih sato kurban panarima. Ku jalan kitu eta gegeden teh ku eta imam dipangnyieunkeun kurban pikeun nebus dosana, tangtu dihampura.

²⁷Upama anu boga dosana rayat biasa, teu kahaja ngalanggar salah sarupa cegahan PANGERAN,

²⁸ti barang dibejaan yen salah kudu ngahaturkeun embe bikang anu mulus.

²⁹Tumpangkeun leungeun kana huluna, peuncit gigireun altar sisi kaler paranti meuncit sato kurban beuleuman.

³⁰Imam kudu nyelupkeun ramo kana eta getih embe, oles-oles kana juru tatandukan altar. Getih sesana bahekeun kana dasar liang altar.

³¹Gajihna kabeh ala sakumaha sato anu dijieu kurban panarima, tuluy beuleum dina altar, seungitna bakal katampi ku PANGERAN. Ku jalan kitu eta jelema teh ku imam dipangnyieunkeun kurban dosa, tangtu dihampura.

³²Upama sato kurban pamupus dosa teh domba, kudu nu bikang jeung mulus.

³³Tumpangkeun leungeun kana sirah eta domba, peuncit dombana di gigireun altar beulah kaler paranti meuncit kurban beuleuman.

³⁴ Imam kudu nyelupkeun ramona kana getih eta domba, tuluy oles-oles kana juru tatandukan altar. Getih sesana bahekeun kana dasar liang altar.

³⁵ Gajihna ala kabeh sakumaha gajih domba keur kurban panarima, tuluy beuleum hijikeun jeung kurban kadaharan haturan PANGERAN. Ku jalan kitu eta jelema ku imam dipangnyieunkeun kurban dosa, tangtu dihampura.

5 ¹ Kurban pamupus dosa perlu kudu dihaturkeun dina hal-hal anu kieu: Lamun aya jelema anu kalawan resmi dipenta panyaksina di pangadilan, tapi teu mere keterangan tina hal anu ku manehna geus katenjo atawa kadenge, nepi ka manehna kudu nanggung balukarna.

² Lamun aya jelema anu teu kahaja nyabak barang najis, upama bae bangke sato, tapi sanggeusna tuluy ngarasa yen dirina jadi najis jeung salah.

³ Lamun aya jelema anu teu kahaja nyabak barang najis naon bae anu asal ti jelema, tapi sanggeusna tuluy ngarasa kana kasalahana.

⁴ Lamun aya jelema anu sumpah sambarangan tina hal naon bae, tapi geus kitu tuluy ngarasa yen eta kalakuanana teh salah.

⁵ Dina hal-hal saperti kitu, jelema nu salah teh kudu ngaku kana kasalahana.

⁶Pikeun nebus kasalahana tea manehna kudu mawa hiji domba bikang atawa embe bikang haturkeuneun ka PANGERAN. Eta sato ku imam kudu dijieun kurban pikeun mupus dosana eta jelema.

⁷Anu teu kuat ngahaturkeun domba atawa embe, meunang ku japati atawa tikukur dua siki, hiji keur kurban pamupus dosa, hiji keur kurban beuleuman.

⁸Serenkeun manukna ka imam. Imam kudu ngaheulakeun kurban pamupus dosa. Manuk teh pinggeskeun beuheungna deukeut kana huluna tapi ulah nepi ka pegat.

⁹Getihna sina ngeclak saeutik kana biwir altar, sesana kucurkeun kana dasar liang altar. Eta pikeun kurban pamupus dosa.

¹⁰Manuk anu hiji deui jieun kurban beuleuman, aturanana sakumaha mistina. Jadi eta jelema teh ku imam dipangurbankeun pikeun nebus dosana, tangtu dihampura.

¹¹Upama teu kuat ngahaturkeun japati atawa tikukur, meunang ku tipung sakilo. Tipung wungkul, ulah diteundeunan minyak atawa dupa, da eta mah kurban pamupus dosa, lain kurban gandum.

¹²Serenkeun ka imam. Ku imam kudu dicokot sakeupeul pikeun jadi sarat yen geus dihaturkeun kabeh ka PANGERAN. Beuleum dina altar jadi kurban kadaharan. Eta pikeun kurban dosa.

¹³Jadi eta jelema ku imam dipangurbankeun pikeun nebus dosana, tangtu dosana dihampura. Tipung sesana jadi bagian imam sakumaha halna kurban kadaharan.

¹⁴PANGERAN ngandika deui ka Musa perkara katangtuan kieu:

¹⁵Jelema anu boga dosa teu kahaja henteu mayar-mayar kaperluan anu disucikeun haturan PANGERAN, kudu ngurbankeun domba atawa embe jalu anu mulus, pikeun nebus kasalahanana. Dombana ditaksir heula pihargaeunana nurutkeun patokan Kemah PANGERAN.

¹⁶Tuggakanana kudu dibayar, ditambah dengda saperlimana tina tuggakanana. Dombana serenkeun ka imam supaya dikurbankeun pikeun nebus dosana, tangtu dosana dihampura.

¹⁷Jelema anu teu kahaja ngalanggar cegahan PANGERAN, eta salah sarta kudu dihukum.

¹⁸Hukumanana kudu nyerenkeun domba atawa embe jalu anu mulus, sarta hargana ditaksir nurutkeun patokan Kemah PANGERAN. Eta sato ku imam kudu dikurbankeun pikeun nebus dosa eta jelema.

¹⁹Eta teh kurban ganti rugi pikeun kasalahanana ka PANGERAN.

6 ¹PANGERAN ngandikakeun deui aturan-aturan ka Musa.

²(6: 2-3) Jelema anu boga dosa ka PANGERAN lantaran miboga barang baturna papada urang Israil, boh beunang manggih boh beunang maling atawa beunang nipi, atawa ngangles nepi ka susumpahan majar teu manggihan eta barang, eta jelema kudu dipangnyieunkeun kurban.

³(6: 2)

⁴(6: 4-5) Anu boga dosa saperti kieu, barang naon bae anu dipibogana ku jalan teu jujur tea kudu dibayar. Lamun dosana geus kabitur, barang tea kudu dibayar sahargana ka nu boga hakna, ditambah uang dengda saperlimana tina harga barang papanggihanana.

⁵(6: 4)

⁶Tuluy kudu nyerenkeun domba atawa embe jalu anu mulus ka imam, sina dikurbankeun ka PANGERAN. Satona kudu ditaksir heula pihargaeunana nurutkeun patokan Kemah PANGERAN.

⁷Jadi eta jelema teh ku imam dipangurbankeun pikeun nebus dosana, tangtu dosana dihampura.

⁸PANGERAN ngandika deui ka Musa,

⁹hal aturan kurban beuleuman anu dipapancenkeun ka Harun. Kurbanna dibeuleumna dina altar kudu sapeupeuting, seuneuna teu meunang pareum.

¹⁰Imamna kudu make calana pondok jeung jubah lawon kaci, geus kitu kudu ngangkat

lebu anu geus kalabur ku minyak gajih tina
altar, simpen heula gigireun altar.

¹¹ Geus kitu kudu ganti pakean. Lebu teh
bawa ka luareun pasanggrahan, ka tempat
paranti beberesih.

¹² Seuneu dina altar kudu terus hurung.
Saban isuk ku imam kudu disuluhan deui.
Kurban beuleuman tea teundeun dina
luhurna, tuluy gajih kurban panarima tea
beuleum.

¹³ Seuneuna kudu mayeng hurungna ulah
pareum-pareum.

¹⁴ Kurban gandum papakonna kieu:
Kurbanna ku imam turunan Harun kudu
dihaturkeun ka PANGERAN, hareupeun altar.

¹⁵ Cokot tipungna sakeupeul, minyakna
saeutik jeung dupana, beuleum dina altar,
pikeun sarat yen enggeus disanggakeun
kabeh ka PANGERAN. Anu baris ditampi ku
PANGERAN nya eta seungitna.

¹⁶ (6: 16-17) Sesana kudu dijieun roti
teu diragi terus dalahar ku imam-imam.
Didalaharna kudu di tempat suci, di latar
Kemah Tepangan. Eta sabagian kurban
kadaharan ku PANGERAN diajangkeun pikeun
para imam, sarta kaayaanana kacida sucina
sakumaha kurban pamupus dosa jeung
kurban ganti rugi.

¹⁷ (6: 16)

¹⁸ Pikeun saterusna, kabeh turunan Harun
anu lalaki meunang ngadalahar, tur bakal

mayeng mareunang bagian tina kadaharan anu dihaturkeun ka PANGERAN. Salian ti eta saha-saha anu nyabak eta kadaharan bakal cilaka ku pangaruh kasucionana.

¹⁹PANGERAN ngandikakeun deui aturan

²⁰hal ngangkat imam turunan Harun. Dina poean diangkatna kudu ngahaturkeun kurban ka PANGERAN, tipung sakilo (sarua lobana jeung pikeun kurban kadaharan sapopoe), satengahna dikurbankeunana isuk-isuk, satengahna deui pasosore.

²¹Galeyan ku minyak tuluy dadarkeun. Sanggeus didadar tuluy bubukkeun, seug sanggakeun jadi kurban kadaharan. Seungitna bakal katampi ku PANGERAN.

²²Saban turunan Harun anu jadi Imam Agung kudu nekanan ieu kurban. Kurbanna kudu beak kabeh dibeuleumna, haturan PANGERAN.

²³Kabeh kurban kadaharan ti imam teu meunang didahar, kudu beak kabeh diduruk.

²⁴PANGERAN ngandika deui ka Musa,

²⁵hal aturan-aturan anu kudu ditekanan ku Harun sapala putra hal kurban pamupus dosa. Sato anu rek dijieu kurban dosa kudu dipeuncit kalereun altar, tempat paranti meuncit sato kurban beuleuman. Ieu kurban kacida sucina.

²⁶Imam anu ngurbankeunana kudu ngadahar eta kurban di tempat anu suci, nya eta di buruan Kemah Tepangan.

²⁷ Sing saha atawa naon bae anu antel kana daging eta kurban bakal cilaka ku suci-sucina eta kurban. Barang atawa papakean anu kakecretan ku getihna kudu diseuseuh di tempat anu suci.

²⁸ Pariuk urut ngagodogna kudu dipeupeuskeun. Upama tempat ngagodogna tina tambaga, kudu dikosokan tuluy kumbah ku cai sing beresih pisan.

²⁹ Kulawarga eta imam anu lalaki meunang ngadahar ieu kurban anu geus jadi kacida sucina.

³⁰ Tapi kurban anu getihna dibawa asup ka jero Kemah Tepangan pikeun dipake upacara mupus dosa, dagingna teu meunang didahar, kudu dibeuleum nepi ka beak.

7 ¹Ieu aturan kurban kasalahan. Aturanana suci.

²Pikurbaneunana peuncit di tempat paranti meuncit sato kurban beuleuman, nya eta di kalereun altar, sarta getihna kudu disiramkeun kana opat pongpok altar.

³Gajihna kabeh ala kana altarkeun, nya eta gajih buntut, gajih jeroan,

⁴giginjel duanana jeung gajihna, jeung babagian ati anu pangalusna.

⁵Beuleum gajihna kabeh ku imam dina altar, jieun kurban kadaharan haturan PANGERAN. Eta kurban kasalahan.

⁶Kulawarga imam anu lalaki kabeh kudu milu ngadahar eta daging kurban. Didaharna

kudu di tempat anu suci, sabab eta kadaharan teh suci.

⁷ Boh pikeun kurban pamupus dosa boh pikeun kurban kasalahan, aya katangtuanana, nya eta dagingna pikeun imam anu ngurbankeun.

⁸ Sato kurban beuleuman kulitna pikeun imam anu ngurbankeun.

⁹ Tiap kurban kadaharan, boh anu meunang meuleum boh anu digoreng atawa didadar, eta pikeun imam anu ngurbankeun.

¹⁰ Kurban kadaharan anu henteu diasakan, boh nu make minyak boh nu tuhur, eta pikeun para imam turunan Harun, bagikeun sing walatra di antara maranehna.

¹¹ Ieu aturan hal nyanggakeun kurban panarima ka PANGERAN.

¹² Anu nyieun kurban panarima tanda rasa sukur ka Allah, jaba ti ngurbankeun sato kudu ngahaturkeun roti anu teu diragi. Rotina meunang anu kandel anu diadonan ku minyak jetun, meunang anu ipis anu diulasan ku minyak jetun, atawa kueh-kueh anu diadonanana ku minyak jetun,

¹³ jeung beuleum roti anu teu diragi.

¹⁴ Tina tiap eta kadaharan ku manehna kudu dibaktikeun sabagian ka PANGERAN; eta teh jadi bagian pikeun imam anu nyiramkeun getih sato kurban kana altar tea.

¹⁵Daging kurbanna kudu beak didahar poe eta keneh, poe dikurbankeunana, teu meunang disesakeun nepi ka isuk.

¹⁶Kurban panarima ti jelema anu maksudna nekanan nadar, atawa pedah kajurung ku niat sorangan, dagingna kudu didahar poe eta keneh, poe dikurbankeunana; upama teu beak, meunang diisukkeun.

¹⁷Tapi lamun nepi ka pagetona aya keneh, kudu diduruk masing beak.

¹⁸Sabab lamun geus tilu poe didahar keneh bae, kurbanna ku PANGERAN moal ditampi jeung moal matak jadi berkah ka manehna, malah haram sarta bakal aya balukarna ka anu ngadahar.

¹⁹Upama eta daging kakeunaan ku nu najis, teu meunang didahar, kudu diduruk. Saha bae meunang milu ngadahar asal dirina teu kanajisan.

²⁰Sing saha anu dirina keur kanajisan seug ngadahar eta, teu meunang diaku deui umat Allah.

²¹Kitu deui jelema anu tas nyabak barang najis, boh najis nu asal ti jelema boh anu asal ti sato, lamun ngadahar eta daging kurban teu meunang diaku deui umat Allah.

²²PANGERAN ka Musa ngandikakeun deui aturan

²³pikeun urang Israil. Urang Israil teu meunang ngadahar gajih sapi, domba atawa embe.

²⁴ Gajih sato anu paeh sorangan atawa paeh lantaran diteukuk sato galak, teu meunang didahar tapi bisa dipake pikeun kaperluan sejen.

²⁵ Anu ngadahar gajih sato anu bisa dijieu kurban kadaharan haturan PANGERAN, teu meunang diaku deui umat Allah.

²⁶ Urang Israil di mana bae teu meunang nyieun dahareun tina getih manuk atawa sato lianna.

²⁷ Anu ngalanggar teu meunang diaku deui umat Allah.

²⁸ PANGERAN ngandikakeun ieu aturan ka Musa

²⁹ pikeun urang Israil. Saha-saha anu boga kurban panarima, sabagian kurbanna hususkeun haturan PANGERAN.

³⁰ Kurban kadaharanana sanggakeun ku leungeun sorangan. Gajih jeung dada sato kurbanna haturkeun ka PANGERAN, jadi pangbakti husus.

³¹ Gajihna ku imam kudu diduruk dina altar, dadana pikeun para imam.

³² Pingping tukangna anu katuhu husus dermakeun

³³ ka imam anu ngurbankeun getih jeung gajih eta kurban panarima.

³⁴ Dadana jadi pangbakti husus, ari pingping tukangna nu katuhu ku PANGERAN geus ditangtukeun ka urang Israil pikeun didermakeun ka para imam. Eta kitu anu ku

urang Israil kudu dibikeun ka imam-imam, salilana.

³⁵ Kitu bagian Harun sapala putra tina sagala kurban anu dihaturkeun ka PANGERAN, anu diandikakeun dina poean aranjeunna diangkat.

³⁶ Harita PANGERAN nimbalan ka urang Israil yen kudu mere bagian saperti kitu ka aranjeunna. Ieu katangtuan ku urang Israil kudu dilakonan saterusna.

³⁷ Kitu aturan-aturan hal kurban beuleuman, kurban kadaharan, kurban pamupus dosa, kurban kasalahan, kurban pangistrenan, jeung kurban panarima.

³⁸ Kitu timbalan PANGERAN ka Musa di Gunung Sinai di tanah gurun, dina poean anjeunna ngembarkeun aturan-aturan kurban pikeun urang Israil.

8 ¹PANGERAN ngandika ka Musa,
²"Harun jeung anak-anakna nu lalaki bawa ka hareupeun panto Kemah Kami. Bawa pakean imam, minyak suci, anak sapi jalu pikeun kurban pamupus dosa, dua domba jalu, jeung roti anu teu diragi dina karanjang.

³Urang Israil sina karumpul di dinya."

⁴Ku Musa dijalankeun. Sanggeus jelema karumpul,

⁵anjeunna sasauran, "Ayeuna Bapa arek nekanan timbalan PANGERAN."

⁶Harun sapala putra ku Musa disina ka parayun ngalakonan upacara mandi.

⁷ Sanggeus kitu Harun dianggoanan kameja, jubah, angkengna dibeulitan solempang, terus dianggoan epod, pitana tina kaen lemes dicangreudkeun dina angkengna.

⁸ Rap deui tutup dada digantelan Urim jeung Tumim.

⁹ Mastakana dianggoanan dastar, lebah taarna diterapan perhiasan emas suci tanda ngabdi, sakumaha timbalan PANGERAN.

¹⁰ Ti dinya Musa nyandak minyak suci, diulas-ulaskeun kana Kemah Tepangan katut sagala rupa anu aya di dinya, nandakeun eta kabeh dibaktikeun ka PANGERAN.

¹¹ Altar oge dikepretan sapuratina tujuh kali, kitu deui wadah cai katut dadarsarna, tanda dibaktikeun ka PANGERAN.

¹² Sanggeus eta, mastaka Harun dikucuran minyak suci, diistrenan.

¹³ Ti dinya putra-putra Harun disina ka parayun, masing-masing dianggoanan kameja, dibeulitan solempang, dikerepusan, numutkeun timbalan PANGERAN.

¹⁴ Sapi jalu ngora keur kurban pamupus dosa ku Musa dicandak. Harun sapala putra narumpangkeun panangan kana sirah eta sapi.

¹⁵ Sapina ku Musa dipiwarang dipeuncit, geus kitu remana ngulasan tatandukan altar ku getih eta sapi, supaya eta altar kusus pikeun PANGERAN. Getih sesana dibahekeun

kana dasar liang altar, tanda dibaktikeun jeung disucikeun.

¹⁶Sakabeh gajih anu ngabulen eusi beuteungna, babagian ati anu pangalusna jeung giginjel katut gajihna ku Musa dibeuleum dina altar.

¹⁷Babagian sapi lianna, kaasup kulit, daging jeung eusi beuteungna dibeuleum di luareun pasanggrahan, tumut sakumaha timbalan PANGERAN.

¹⁸Geus kitu Musa nyandak domba jalu keur kurban beuleuman. Harun sapala putra narumpangkeun panangan kana sirah eta domba.

¹⁹Dombana ku Musa dipiwarang dipeuncit, getihna disiramkeun kana sakuriling altar.

²⁰(8: 20-21) Dombana dipotongan, jeroan jeung suku tukangna dikumbah ku cai, sirahna, gajihna jeung sakabeh babagian sesana dibeuleum dina altar sakumaha timbalan PANGERAN. Ieu kurban durukan dijieun kurban kadaharan, seungitna bakal katampi ku PANGERAN.

²¹(8: 20)

²²Ti dinya domba nu hiji deui ku Musa dicandak keur upacara ngistrenan para imam lianna. Harun sapala putra narumpangkeun panangan kana sirah eta domba.

²³Dombana ku Musa dipeuncit, getihna ku Musa diulaskeun kana daun cepil Harun nu

katuhu, kana indungan panangan katuhu, jeung kana indung sampean katuhu.

²⁴Ti dinya anjeunna miwarang supaya putra-putra Harun, nyalampeurkeun, tuluy diulasan saeutik ku getih tea, masing-masing daun cepilna anu katuhu, indung panangan anu katuhu, jeung indung sampean anu katuhu. Getih sesana disiramkeun kana sakuriling altar.

²⁵Geus kitu Musa nyandak gajih domba tea, buntutna anu loba gajihna, gajih anu ngabulen eusi beuteungna, babagian ati nu pangalusna, giginjel duanana jeung gajihna, jeung pingping tukang nu katuhu.

²⁶Tina karanjang roti teu diragi anu geus dibaktikeun ka PANGERAN tea Musa nyandak roti kandel hiji, anu diolahna make minyak, jeung roti nu ipis hiji. Tuluy diteundeun dina luhur gajih jeung suku tukang anu katuhu.

²⁷Eta bahan tuangeun kabeh disina ditampanan ku Harun sapala putra sangkan terus dibaktikeun jadi pangabakti husus ka PANGERAN.

²⁸Geus kitu ku Musa dicandak deui ti aranjeunna, terus dibeuleum dina altar dina luhur kurban beuleuman, didamel sarat kurban pangistrenan. Ieu teh kurban kadaharan, sarta seungitna bakal katampi ku PANGERAN.

²⁹Ari dada domba tea ku Musa ditingalikeun ka PANGERAN. Eta keur bagian anjeunna tina

domba jalu anu dikurbankeun dina upacara ngistrenan. Sagala rupa ku Musa dijalankeun kalawan numutkeun timbalan PANGERAN.

³⁰ Minyak suci jeung getih anu dina altar ku Musa dicandak saeutik, dikepret-kepret ka Harun sapala putra kana anggoan masing-masing, pikeun tanda ka PANGERAN yen aranjeunna geus resmi diistrenan katut anggoanana.

³¹ Musa misaur ka Harun sapala putra, "Eta daging candak ka lawang Kemah Tepangan, asakan lajeng ditaruang di dinya sareng roti tina karanjang pangistrenan, sakumaha timbalan PANGERAN.

³² Daging atanapi roti anu nyesa kedah diduruk.

³³ Di lebet tujuh dinten ieu ulah waka ngantunkeun lawang Kemah, dugi ka rengse upacara pangistrenan.

³⁴ Kitu pidameleun urang ayeuna sakumaha timbalan PANGERAN keur mupus dosa aranjeun.

³⁵ Siang wengi aranjeun kedah tetep aya di lawang Kemah Tepangan nekanan perkawis anu ku PANGERAN parantos diandikakeun. Upami henteu kitu tangtos aranjeun tiwas. Kitu timbalan PANGERAN ka kaula."

³⁶ Sagala rupa anu ku PANGERAN ditimbalkeun ka Musa, ku Harun sapala putra dijalankeun.

9 ¹Dina poe kadalapanna, nya eta sanggeus beres upacara ngistrenan, Musa nya ur Harun sapala putra jeung para kokolot Israil.

²Tuluy misaur ka Harun, "Ajengan kedah nyandak anak sapi jalu hiji keur kurban pamupus dosa, sareng domba jalu, duanana kedah anu mulus keur kurban beuleuman.

³Urang Israil parentahkeun sina ngabantun embe jalu keur kurban pamupus dosa, anak sapi umur sataun hiji, sareng anak domba umur sataun hiji, masing-masing ulah aya cacadna, keur kurban beuleuman,

⁴sapi jalu hiji, domba jalu hiji, keur kurban panarima. Ku maranehna kedah dikurbankeun ka PANGERAN, barengkeun sareng kurban kadaharan anu dicampur minyak. Margi dinten ieu PANGERAN bade nembongan ka urang Israil."

⁵Sakur anu dipundut ku Musa geus sadia di hareupeun Kemah Tepangan. Urang Israil oge geus kumpul rek ngabakti ka PANGERAN.

⁶Musa sasauran, "Maraneh ku PANGERAN ditimbalan kieu teh supaya engke narenjo kamulyaan Mantenna."

⁷Saurna deui ka Harun, "Geura ngadeg caket altar, ngadamel kurban pamupus dosa sareng kurban beuleuman keur nyirnakeun dosa anjeun sareng dosa urang Israil. Kurban keur nyirnakeun dosa maranehna oge sanggakeun sakumaha timbalan PANGERAN."

⁸Harun majeng kana altar tuluy meuncit sapi ngora tea keur kurban pamupus dosa anjeunna.

⁹Getihna disodorkeun ku putra-putrana, clom anjeunna nganclomkeun ramo kana getih tuluy dioleskeun kana juru altar, kana tatandukanana. Getih sesana dibahekeun kana dasar liang altar.

¹⁰Gajih, giginjel duanana jeung babagian ati anu pangalusna diduruk dina altar numutkeun timbalan PANGERAN ka Musa.

¹¹Ari daging jeung kulitna dibeuleumna di luareun pasanggrahan.

¹²Ti dinya Harun meuncit sato kurban kasalahan keur nebus kaluluputan salirana. Getihna ku putra-putrana disodorkeun ka anjeunna. Eta getih ku anjeunna disiramkeun kana pongpok altar sakurilingna.

¹³Sirah jeung babagian lianna ku putra-putrana disodorkeun ka anjeunna tuluy ku anjeunna dibeuleum dina altar.

¹⁴Jeroan jeung pingping tukang duanana ku anjeunna dikumbah tuluy dibeuleum dina altar, dihijkeun jeung kurban beuleuman anu tadi.

¹⁵Sanggeus eta tuluy nyanggakeun kurban pikeun urang Israil. Anu dikurbankeun pikeun nebus dosa maranehna nya eta embe. Embena dipeuncit tuluy dikurbankeun sakumaha halna kurban pikeun nebus dosana ku anjeun.

¹⁶ Geus kitu anjeunna nyandak deui sato pikeun kurban beuleuman, tuluy dikurbankeun sakumaha mistina.

¹⁷ Ti dinya anjeunna nyanggakeun kurban kadaharan. Tipungna dicandak sakeupeul tuluy dibeuleum dina altar, keur nambahan kurban kadaharan nu biasa sapopoe.

¹⁸ Geus kitu meuncit sapi jeung domba jalu tea, dijieu kurban panarima pikeun urang Israil. Getihna diasongkeun ka anjeunna ku putra-putrana, ku anjeunna disiramkeun kana pongpok altar sakurilingna.

¹⁹ Gajih sapi jeung gajih domba ku Harun diteundeun

²⁰ dina luhur dada dua sato kurban tea, tuluy dibawa kabeh kana altar. Ari gajihna ku Harun diduruk dina altar.

²¹ Dada jeung pingping tukang kabeh disanggakeun ka PANGERAN, engkena jadi bagian pikeun para imam sakumaha anu dipiwarang ku Musa.

²² Sanggeus sagala kurban beres dijalankeun, Harun ngajungjungkeun panangan ka urang Israil, ngucapkeun berkah. Geus kitu jut lungsur.

²³ Ti dinya Musa jeung Harun lalebet ka jero Kemah Tepangan. Barang kaluar deui seug aranjeunna ngucapkeun berkah pikeun urang Israil. Geus kitu bray bae kamulyaan PANGERAN nemongan ka sakabeh urang Israil.

²⁴Gur aya seuneu ti PANGERAN nyamber jeung ngalebur kurban beuleuman jeung gajih dina altar. Barang urang Israil narenjo hal eta, ger bae sarurak, tuluy sarujud.

10¹ Dina hiji mangsa dua putra Harun anu jenengan Nadab jeung Abihu ngarukus, parukuyanana hiji sewang. Geus diseuneuan tuluy dipurulukan dupa dihaturkeun ka PANGERAN. Tapi seuneuna lain seuneu suci, lain pamundut PANGERAN.

²Gur aya seuneu ti PANGERAN ngalebur ka aranjeunna nepi ka tiwas di dinya.

³Saur Musa ka Harun, "Timbalan PANGERAN kapungkur kumaha! Kapan timbalana-Na ge, Anu marek ka Kami kudu nganyahokeun kana kasucion Kami. Kami mundut dimulyakeun di hareupeun sakabeh jelema." Harun cicing bae teu ngawaler.

⁴Musa nyaur Misael jeung Elsapan anak Usiel, pamanna Harun. Saurna, "Gotong ieu mayit dulur maraneh, kaluarkeun ti ieu Kemah anu suci, bawa ka luareun pasanggrahan."

⁵Dua mayit digotong dina jubahna keneh, dibarawa ka luareun pasanggrahan sakumaha parentah Musa.

⁶Musa misaur ka Harun jeung ka putrana anu jenengan Elasar jeung Itamar, saurna, "Aranjeun teu kenging ngusut-ngusut rambut sareng nyosoeh anggoan ciri prihatin katilar ku ieu nu nembe hilang, sabab tangtu aranjeun tiwas, sarta PANGERAN tangtu

bendu ka sakumna urang Israil. Wargi-wargi anu sanesna kenging nawiskeun prihatinna ku ieu nu nembe hilang, anu tiwasna ku seuneu ti PANGERAN.

⁷ Sareng aranjeun ulah ngantunkeun lawang Kemah Tepangan. Upami ngantunkeun tangtos tiwas, karana aranjeun parantos disucikeun ku minyak suci kagungan PANGERAN." Aranjeunna nurut.

⁸ PANGERAN nimbalan ka Harun,

⁹ "Maneh jeung anak maneh, mun rek asup ka jero Kemah Tepangan teu meunang nginum anggur atawa arak, bisi tiwas. Ieu jadi papakon pikeun maneh turun tumurun.

¹⁰ Maneh kudu ngabedakeun mana anggoeun Allah, mana pakeeun umum, mana nu halal mana nu haram.

¹¹ Pikukuh-pikukuh Kami geus ditimbalkeun ka Musa, ku maraneh ajarkeun ka urang Israil."

¹² Musa ngalahir ka Harun jeung putrana nu araya keneh, nya eta Elasar jeung Itamar, pilahirna, "Kurban kadaharan sesa tina hancengan PANGERAN tea candak, damel roti teu diragi, lajeng taruang di gigireun altar, margi eta katedaan teh kacida sucina.

¹³ Eta pibagianeun anjeun sareng putra tina hancengan anu dihaturkeun ka PANGERAN. Omat, dituangna kedah di tempat anu suci. Kitu timbalan PANGERAN ka kaula.

¹⁴Dada sareng pingping anu parantos dihaturkeun ka PANGERAN keur bagian para imam, kenging dituang ku anjeun saputra garwa, di tempat anu beresih. Eta pibagianeun anjeun sareng putra-putra, bagian tina kurban panarima ti urang Israil.

¹⁵Pingping sareng dada kurban kedah disanggakeun heula ka PANGERAN, hijikeun sareng gajih anu bade dijieun kurban kadaharan. Saparantos kitu nembe eta jadi pibagianeun anjeun sareng putra-putra; kedah kitu salamina, kitu timbalan PANGERAN."

¹⁶Ti dinya Musa mariksakeun embe anu dijieun kurban pamupus dosa tea. Seug kauninga yen geus beak diduruk. Ku sabab kitu anjeunna bendu ka Elasar jeung Itamar nepi ka nyeuseul,

¹⁷"Ku naon henteu ditaruang di tempat suci? Eta teh suci kabina-bina, ku PANGERAN dipaparinkeun ka aranjeun pikeun ngaleungitkeun dosa sakumna bangsa Israil.

¹⁸Getih embe tea henteu dibawa asup ka Kemah PANGERAN, jadi eta kurban teh ku aranjeun kedah dituang di dinya. Kitu kapan sanggem kaula teh."

¹⁹Harun ngawaler, "Saupami dinten ieu sim kuring ngadahar eta kurban pamupus dosa, naha eta teh matak langkung bingah ka PANGERAN? Dinten ieu sakumna bangsa Israil nyanggakeun kurban dosa ka PANGERAN, kitu

deui kurban beuleuman. Kari-kari balukarna
ka sim kuring sakieu awonna."

²⁰(10-19b) Waleran Harun ku Musa
kahartoseun.

11 ¹PANGERAN ngandika ka Musa jeung
Harun, ngandikakeun aturan-aturan
²pikeun urang Israil. Sasatoan anu aya di
darat anu meunang ku maraneh didahar,
³nya eta anu kukuna beulah jeung
ngagayem.

⁴(11: 4-6) Tapi onta, marmot jeung kelenci
mah najis teu meunang didahar, sabab enya
ge ngagayem tapi kukuna henteu beulah.

⁵(11: 4)

⁶(11: 4)

⁷Babi oge haram, teu meunang didahar,
sabab enya ge kukuna beulah tapi henteu
ngagayem.

⁸Pacuan ngadahar sato anu najis, antel kana
bangkena ge ulah.

⁹Lauk anu sisitan jeung cecepetan meunang
didahar.

¹⁰Anu teu meunang didahar nya eta
sarupaning sato cai anu henteu sisitan jeung
teu cecepetan;

¹¹nu kitu kudu dinajiskeun, ulah bon
didahar, dicabak bangkena ge teu meunang.

¹²Jadi naon bae sarupaning sato cai anu
henteu sisitan henteu cecepetan teu meunang
didahar.

¹³(11:13-19) Manuk anu henteu meunang didahar nya eta rajawali, bueuk, heulang, dadali, alap-alap, kaak, gagak, manuk onta, camar, bango, belokok, julang, kapimis, koreak, atawa kalong.

¹⁴(11:13)

¹⁵(11:13)

¹⁶(11:13)

¹⁷(11:13)

¹⁸(11:13)

¹⁹(11:13)

²⁰Sato hama anu jarangjangan eta najis,

²¹kajaba anu sok ngarajlok.

²²Maraneh meunang ngadahar simeut, jangkrik, jonggrang.

²³Sato lalembut sejenna anu jarangjangan kitu deui anu ngarayap kudu dinajiskeun.

²⁴(11:24-28) Sing saha anu nyabak bangke sato anu kukuan, awakna jadi najis nepi ka surup panonpoe, kajaba lamun kukuna beulah sarta ngagayem, kitu deui sasatoan suku opat anu cekeran. Anu mawa bangke sato najis kudu nyeuseuh pakeanana, tapi awakna tetep najis nepi ka burit.

²⁵(11:24)

²⁶(11:24)

²⁷(11:24)

²⁸(11:24)

²⁹(11:29-30) Ganggarangan, beurit cantung, beurit leutik jeung cakcak, kudu dinajiskeun.

³⁰(11: 29)

³¹Anu nyabak nu kitu atawa kana bangkena, bakal kanajisan nepi ka burit,

³²naon bae anu karagragan ku bangkena jadi najis. Paparabotan paranti naon bae, tina kai, tina lawon, tina kulit atawa tina goni, lamun karagragan ku bangke sato najis jadi najis. Kudu buru-buru dikelabkeun kana cai, tapi kaayaanana mah tetep najis nepi ka burit.

³³Lamun bangkena rragrag kana wawadahan tina taneuh, saeus i eta wadah jadi najis, wadahna kudu terus dipeupeuskeun.

³⁴Sabab sanajan dahareun anu halal ge ari caina tina eta pariuk mah jadi najis, kitu deui cai inum tina eta wadah anu najis.

³⁵Naon bae anu karagragan ku nu kitu kudu dipeupeuskeun; anglo atawa hawu oge kudu dipeupeuskeun.

³⁶Tapi cinyusu atawa sumur mah caina tetep beresih, sanajan anu sejenna mah mun kakeunaan ku bangke nu kitu teh jadi najis.

³⁷Sisikian anu geus rek dipelakkeun karagragan ku bangke nu kitu, kaayaanana tetep beresih.

³⁸Tapi lamun karagraganana keur waktu eta siki bibit dikeueum, jadi najis.

³⁹Anu nyabak bangke sato sanajan sato halal, jadi najis nepi ka burit.

⁴⁰Saha-saha anu ngahakan bangkena kudu nyeuseuh pakeeanana, tapi awakna mah tetep

najis nepi ka burit. Anu mawa bangkena, eta oge kudu nyeuseuh pakeeanana, tapi awakna mah tetep najis nepi ka burit.

⁴¹ Sato-sato taneuh anu lalembut teu meunang didahar,

⁴² boh anu leumpangna ngagulusur ku beuteung, boh anu leumpangna ku suku opat atawa sukuna loba.

⁴³ Pacuan ulah nganajiskeun maneh ngadahar anu karitu.

⁴⁴ Karana Kami PANGERAN Allah maraneh teh suci. Jadi maraneh oge kudu nyucikeun diri.

⁴⁵ Kami teh PANGERAN anu ngaluarkeun maraneh ti Mesir, nepi ka jadi Allah maraneh. Kami teh suci, jadi maraneh oge kudu suci.

⁴⁶ Ieu kabeh jadi aturan anu ngeunaan sasatoan, manuk, sato cai, jeung sato taneuh.

⁴⁷ Maraneh kudu taliti ngabedakeun mana anu najis mana anu henteu najis, mana anu meunang didahar mana anu henteu.

12¹ PANGERAN ngandikakeun ieu papakon ka Musa,

² pikeun urang Israil. Awewe anu tas ngajuru sarta anakna lalaki, dina sajero tujuh poe kaayaanana jadi kotor, sarua jeung keur waktu dirina kotoran.

³ Upama orokna geus dalapan poe kudu disunatan.

⁴ Ti semet poe eta awewe anu tas ngajuru teh tilu puluh tilu poe deui kakara bakal pulih

beresih tina getihna tas ngajuru. Sajeroning kitu pacuan nyabak barang naon bae anu suci, pacuan asup ka Kemah Suci, nepi ka jangkep mangsana beberesih diri.

⁵Lamun orokna awewe, dina sajero opat welas poe kaayaanana jadi najis cara waktu keur kotoran. Ti sanggeus eta, genep puluh genep poe deui kakara bakal pulih beresih tina getihna urut ngajuru.

⁶Upama waktu beberesih diri geus jangkep kalakonan, boh tas ngajurukeun lalaki, boh tas ngajurukeun awewe, kudu ngadeuheus ka imam di lawang Kemah Tepangan, mawa anak domba hiji umur sataun pikeun dijieun kurban beuleuman, jeung manuk tikukur atawa japati sahiji pikeun kurban dosa.

⁷Ku imam kudu dipangurbankeun ka PANGERAN, dipangnyieunkeun upacara pikeun ngaleungitkeun kanajisanana, geus kitu kakara kaayaanana bisa pulih beresih deui. Kitu petana papakon pikeun awewe nu tas ngajuru.

⁸Saupama henteu kuateun nyanggakeun anak domba, bisa diganti ku japati atawa manuk tikukur dua siki, hiji keur kurban beuleuman, hiji keur kurban dosa, sarta ku imam kudu dipangnyieunkeun upacara pikeun ngaleungitkeun kanajisanana, tangtu kaayaanana bakal pulih beresih deui.

13¹PANGERAN ngandikakeun ieu papakon ka Musa jeung Harun.

²Upama aya jelema nu kulitna carenang atawa radang atawa baruntus siga kasakit lepra kudu sina ngadeuheus ka imam kaom Harun,

³menta dipariksa. Lamun bulu dina lebah eta jadi bodas jeung korengna legok, enya lepra. Ku imam kudu dinyatakeun najis.

⁴Upama ukur semu bodas jeung henteu legok jeung buluna henteu jadi bodas, jelemana kerem tujuh poe.

⁵Dina katujuh poena pariksa deui. Mun radangna henteu ngalegaan, kerem deui tujuh poe.

⁶Dina katujuh poena pariksa deui. Upama radangna henteu ngalegaan malah ngipisan, eta radang biasa bae. Ku imam kudu dinyatakeun beresih. Pakeanana sina diseuseuh, jelemana geus beresih.

⁷Upama ti saentas dipariksa jeung dinyatakeun beresih tea radangna ngalegaan, kudu ngadeuheus deui ka imam,

⁸menta dipariksa deui. Upama tetela radangna ngalegaan, ku imam kudu dinyatakeun najis, sabab eta teh lepra.

⁹Anu katerap ku kasakit anu disangka lepra, kudu ngadeuheus ka imam,

¹⁰menta dipariksa. Upama radangna semu bodas jeung nanahan, sarta bulu lebah radangna jadi bodas,

¹¹ eta tanda kasakit leprana geus lila. Ku imam kudu dinyatakeun najis. Teu kudu dikerem heula da geus sidik najisna.

¹² Upama kasakitna geus nyaliara kana sirah jeung suku,

¹³ ku imam kudu dipariksa deui. Upama tetela geus nyaliara ka sakujur awakna, ku imam kudu dinyatakeun beresih. Upama saluluar kulitna jadi bodas, eta beresih.

¹⁴ Tapi upama radangna teh melekah, eta najis.

¹⁵ Ku imam kudu dipariksa deui. Upama bener radangna melekah, kudu dinyatakeun najis. Eta kasakit lepra. Jelemana jadi najis.

¹⁶ Upama jadi cageur sarta rupana jadi bodas, kudu ngadeuheus deui ka imam,

¹⁷ menta dipariksa. Upama urutna jadi bodas, ku imam kudu dinyatakeun beresih, sabab beresih.

¹⁸ Upama aya nu bisul cageur,

¹⁹ seug dina urutna jadi koreng semu bodas, atawa coklat bodas semu beureum, kudu ngadeuheus ka imam.

²⁰ Ku imam kudu dipariksa. Upama korengna ngalegokan jeung buluna jadi bodas, eta teh lepra anu ngamimitianana dina urut bisul.

²¹ Tapi upama keur waktu dipariksa ku imam buluna henteu bodas jeung korengna henteu legok sarta warnana ipis, jelemana kudu dikerem tujuh poe heula.

²²Upama korengna ngalegaan, ku imam kudu dinyatakeun najis, eta lepra.

²³Upama angger sakitu henteu ngalegaan, eta mah urut bisul bae, ku imam kudu dinyatakeun beresih.

²⁴Anu kulitna tutung ku seuneu seug jadi boleksek jeung semu bodas atawa bodas semu beureum,

²⁵kudu dipariksakeun ka imam. Upama bulu lebah dinya jadi bodas sarta borokna legok, eta lepra, anu ngamimitianana dina bagian anu tutung. Ku imam kudu dinyatakeun najis.

²⁶Tapi lamun buluna henteu jadi bodas, korengna henteu legok sarta warnana ipis, ku imam kudu dikerem tujuh poe.

²⁷Dina katujuh poena ku imam kudu dipariksa deui. Upama ngalegaan, eta lepra, ku imam kudu dinyatakeun najis.

²⁸Tapi upama angger teu kitu kieu sarta warnana ipis, eta lain lepra, ukur koreng tapak kabeuleum bae, ku imam kudu dinyatakeun beresih.

²⁹Boh lalaki boh awewe anu koreng dina sirah atawa gado,

³⁰kudu dipariksakeun ka imam. Upama korengna legok sarta buukna jadi semu koneng jeung curiwing, eta teh lepra. Jelemana kudu dinyatakeun najis.

³¹Upama waktu keur dipariksa ku imam korengna henteu legok, tapi buuk lebah dinya

goreng jadina, jelemana kudu dikerem tujuh poe.

³²Dina katujuh poena ku imam kudu dipariksa deui. Lamun korengna henteu ngalegaan henteu ngalegokan sarta buukna geus henteu koneng.

³³buuk sabudeureun korengna sina dikurud. Terus kerem tujuh poe deui.

³⁴Dina katujuh poena ku imam kudu dipariksa deui. Lamun korengna angger henteu ngalegaan henteu ngalegokan, ku imam kudu dinyatakeun beresih, sarta jelemana kudu nyeuseuhan papakeanana.

³⁵Tapi upama ti saentas ku imam dinyatakeun beresih teh korengna ngalegaan.

³⁶ku imam kudu dipariksa deui. Lamun bener panyakitna ngalegaan, buuk atawa janggotna teu kudu dipariksa deui semu koneng henteuna, sabab geus tetela eta jelema teh jadi najis.

³⁷Tapi upama ceuk timbangan imam korengna henteu ngalegaan jeung buukna geus mimiti jaradi deui, ku imam kudu dinyatakeun geus beresih.

³⁸Boh lalaki boh awewe anu boga colat bodas dina kulit,

³⁹ku imam kudu dipariksa. Upama colat-colat bodasna lenang, eta ukur panyakit kulit biasa, jelemana tetep beresih.

⁴⁰ (13: 40-41) Lalaki anu buukna maruragan nepi ka tarangna atawa sirah tukangna lenang, henteu matak najis.

⁴¹ (13: 40)

⁴² Tapi upama dina bolenangna tea aya pitak-pitak bodas semu beureum, eta lepra.

⁴³ Kudu dipariksakeun ka imam. Upama aya korengan anu warnana semu beureum,

⁴⁴ eta tetela lepra anu ngamimitianana dina sirah. Ku imam kudu dinyatakeun najis.

⁴⁵ Jelema anu katerap kasakit lepra, barang pakena kudu anu rubat-rabet, buukna teu meunang disisiran, jeung kudu nutupan beungeut beulah handap, sarta kudu ceceluk, "Najis! Najis!"

⁴⁶ Sapanjang kasakitna tacan cageur mah dirina tetep najis, hirupna kudu mencil di luareun pasanggrahan, teu meunang campur jeung nu sejen.

⁴⁷ Upama dina pakean-pakean aya tanda buluk, boh pakean tina lawon wol, boh tina lawon kaci,

⁴⁸ atawa dina barang kulit atawa sakur barang tina kulit,

⁴⁹ upama eta tanda buluk warnana geus semu hejo atawa semu beureum, eta tanda yen bulukna geus mimiti nemen, barangna kudu ditembongkeun ka imam.

⁵⁰ Ku imam kudu diilikan, terus singkurkeun tujuh poe.

⁵¹ Dina poe katujuhna ku imam kudu diilikan deui. Upama tanda bulukna ngalegaan, eta barang jadi najis.

⁵² Ku imam kudu diduruk sabab bulukna bisa nerekab, jadi kudu diduruk ku seuneu sina beak.

⁵³ Tapi upama buluk tea dina eta barang henteu ngalegaan,

⁵⁴ ku imam kudu dititah dikumbah heula tuluy disingkurkeun tujuh poe deui.

⁵⁵ Tuluy diilikan deui. Lamun warna bulukna henteu robah, sanajan teu ngalegaan eta barang masih keneh najis. Boh bulukna teh beulah luar boh beulah jero, eta barang kudu diduruk.

⁵⁶ Tapi saupama tas diilikan deui bulukna teh siga geus rek leungit, barangna boh lawon boh kulit kudu disoehkeun.

⁵⁷ Saupama geus kitu bulukna aya deui jeung ngalegaan, eta barang ku nu bogana kudu diduruk.

⁵⁸ Upama eta buluk bisa leungit ku dikumbah, kumbah deui bae barangna ambeh beresih.

⁵⁹ Kitu papakon ngeunaan hal buluk dina papakean atawa lawon boh tina wol atawa kaci, atawa dina barang naon bae anu dijueun tina kulit.

14 ¹PANGERAN nimbalan ka Musa
²hal aturan pikeun jelema anu cageur tina kasakit lepra. Dina poean

baris dinyatakeun beresih, jelemana kudu dideuheuskeun ka imam.

³ Imam kudu kaluar ti pasanggrahan, mariksa. Upama katembong geus cageur,

⁴ imam kudu nitahan mawa manuk anu halal dua siki, kai kiputri sateukteuk, benang beureum jeung hisop sagagang.

⁵ Imam kudu nitah meuncit manuk anu hiji di luhureun wadah tina taneuh beunang ngusian ku cai tina cinyusu.

⁶ Manuk anu hirup keneh ku imam kudu dianclomkeun kana getih manuk anu dipeuncit tea, barengkeun jeung kai kiputri, benang beureum jeung hisop.

⁷ Getih tea kepret-kepret ku imam tujuh kali ka jelema anu rek dinyatakeun beresih tina leprana, tuluy nyatakeun yen eta jelema geus beresih. Manuk anu hirup keneh tea leupaskeun sina hiber ka tegalan.

⁸ Jelemana sina nyeuseuh pakeanana, tuluy titah ngagundulan sirah jeung titah mandi. Geus beresih meunang asup deui ka pasanggrahan, tapi tetep kudu cicing heula di luar kemahna salila tujuh poe.

⁹ Dina katujuh poena sirahna kudu dikerik deui, kitu keneh janggot, halis jeung bulu-bulu awakna kudu dikerik. Pakeanana oge kudu diseuseuh deui, tuluy mandi, kakara beresih.

¹⁰ Dina kadalapan poena kudu ka imam, mawa anak domba jalu dua bikang hiji umur

sataunan sarta anu mulus, tipung tilu kilo campur ku minyak jetun, jeung minyak jetunna sapertilu liter.

¹¹ Eta jelema jeung babawaanana ku imam kudu dibawa ka lawang Kemah Tepangan.

¹² Geus kitu anak domba jalu jeung minyak anu sapertilu liter tea ku imam cokot jieun kurban panebus, sanggakeun ka PANGERAN, sarta engkena pikeun eta imam.

¹³ Eta anak domba kudu dipeuncit di nu suci, paranti meuncit sato kurban pamupus dosa jeung kurban beuleuman. Anu matak kudu kitu, lantaran kurban panebus teh kaayaana suci kacida sakumaha kurban pamupus dosa, eta engkena jadi bagian imam.

¹⁴ Getihna ku imam kudu dicokot saeutik tuluy oleskeun ka jelema anu rek dinyatakeun bersih tea, kana daun ceulina anu katuhu, kana indung leungeunna nu katuhu jeung kana indung sukuna anu katuhu.

¹⁵ Minyak jetunna bahekeun saeutik kana dampal leungeun imam anu kenza,

¹⁶ tuluy kepret-kepret ku saramo nu katuhu di dinya di jero Kemah Tepangan PANGERAN tujuh kali.

¹⁷ Geus kitu jelema anu rek dinyatakeun beresih teh ku imam diolesan ku minyak anu aya dina dampal leungeunna, dina tempat-tempat anu geus diolesan ku getih anak domba tea, nya eta daun ceulina nu

katuhu, indung leungeunna nu katuhu, jeung indung sukuna nu katuhu.

¹⁸ Minyak anu nyesa keneh dina dampal leungeun kena imam susutkeun kana sirah jelema anu rek dinyatakeun beresih tea. Kitu petana imam ngajalankeun upacara ngaberesihkeun teh.

¹⁹ Ti dinya imam kudu ngahaturkeun kurban pamupus dosa, neruskeun upacara ngaberesihkeun. Geus kitu kudu meuncit sato keur kurban beuleuman.

²⁰ Tuluy sanggakeun kana altar jeung kurban gandum, neruskeun upacara ngaberesihkeun tea. Geus kitu jelema tea jadi beresih.

²¹ Upama jelemana kurang mampuh lantaran miskin, anak domba pikeun sarat ngaberesihkeun dirina teh cukup ku hiji bae pikeun kurban panebus, sanggakeun ka PANGERAN pikeun bagian imam. Tipung pikeun kurban gandum oge sakilo bae, campur ku minyak jetun, jeung minyak jetunna sapertilu liter.

²² Jeung kudu ngahaturkeun japati ngora atawa tikukur ngora dua siki, hiji keur kurban pamupus dosa, hiji keur kurban beuleuman.

²³ Dina kadalapan poena ti sanggeus dirina beresih, eta pikurbaneun bawa ka imam ka lawang Kemah Tepangan.

²⁴ Anak domba jeung minyak jetunna ku imam cokot, sanggakeun ka PANGERAN, engkena keur bagian imam.

²⁵ Dombana peuncit, getihna cokot saeutik pake ngulasan jelema tea, daun ceulina nu katuhu, indung leungeunna nu katuhu, jeung indung sukuna nu katuhu.

²⁶ Minyak bahekeun saeutik ku imam kana dampal leungeun anu kenza,

²⁷ tuluy kepret-kepret ku curuk katuhu tujuh kali di dinya di jero Kemah PANGERAN.

²⁸ Ti dinya minyak anu dina dampal leungeunna oleskeun saeutik kana tempat-tempat anu geus diolesan getih tea, nya eta daun ceulina nu katuhu, indung leungeunna nu katuhu, jeung indung sukuna nu katuhu.

²⁹ Minyak anu nyesa keneh dina dampal leungeun imam kudu digesrek-gesrekkeun kana sirah eta jelema. Kitu petana upacara ngaberesihkeun.

³⁰ Ti dinya imam kudu nyanggakeun hiji japatil ngora atawa tikukur ngora,

³¹ jieun kurban pamupus dosa. Anu hiji deui jieun kurban beuleuman, barengkeun jeung kurban kadaharan. Kitu petana upacara ngaberesihkeun.

³² Kitu papakonna pikeun jelema anu tas katerap kasakit lepra, anu meh teu kabedag nyumponan pikurbanneun sakumaha mistina pikeun sarat ngaberesihkeun dirina.

³³ PANGERAN nimbalan ka Musa jeung Harun

³⁴ nimbalkeun papakon pikeun imah anu kakeunaan ku panyakit buluk. (Ieu papakon dipaparinkeun keur urang Israil mun geus

arasup ka tanah Kanaan anu ku PANGERAN
rek dipaparinkeun jadi milik maranehna.)

³⁵ Sing saha anu imahna keuna ku panyakit
buluk, kudu bebeja ka imam.

³⁶ Samemeh imam datang mariksa
kudu marentahkeun supaya eta imah
dikosongkeun, sabab mun teu kitu saeus
eta imah bakal dinyatakeun najis. Geus kitu
imam datang,

³⁷ mariksa eta panyakit buluk. Mun aya
ceda-ceda semu hejo atawa semu beureum
mimiti ngaruksak tembok,

³⁸ imam kudu terus kaluar sarta eta imah
terus konci lilana tujuh poe.

³⁹ Dina katujuh poena ku imam kudu
dipariksa deui. Upama panyakit bulukna geus
nyebar,

⁴⁰ parentahkeun ku imam supaya tembok
anu kakeunaan dibongkar tuluy piceun ka
tempat pamiceunan di luar kota.

⁴¹ Urut ngabongkar kudu ditambal ku nu
anyar. Tembok sakurilingna kerik tuluy lapis
deui ku nu anyar.

⁴² Upama sanggeus tembokna dibongkar
jeung didangdanan teh panyakit bulukna aya
deui,

⁴³ kudu dipariksa deui ku imam.

⁴⁴ Upama tetela kitu, eta imah teh geus
keuna ku najis,

⁴⁵ kudu dirubuhkeun; batu-batuna, kayu-kayuna, lapis tembokna, akutan ka luar kota ka tempat pamiceunan.

⁴⁶ Sajeroning eta imah dikonci tea ku imam, sing saha anu asup ka dinya jadi najis nepi ka burit.

⁴⁷ Sing saha anu kekedengan atawa dahar di dinya, kudu nyeuseuh pakeanana anu harita keur dipake.

⁴⁸ Upama sanggeus tembok eta imah dilapis deui, sarta waktu dipariksa deui ku imam panyakit bulukna teu tempong deui, eta imah kaayaanana jadi beresih, sabab geus tetela panyakit bulukna geus leungit.

⁴⁹ Pikeun nyucikeun eta imah, imam kudu nyadiakeun manuk dua siki, kayu kiputri, benang beureum, jeung hisop sagagang.

⁵⁰ Manuk peuncit hiji luhureun wadah tina taneuh anu dieusian cai tina cinyusu.

⁵¹ Kayu kiputri, hisop, benang beureum, jeung manuk nu hirup keneh anclomkeun kana getih manuk anu dipeuncit tea jeung kana cai anu dina wadah, terus eta imah teh kepretan tujuh kali.

⁵² Ku cara kitu eta imam teh nyucikeun eta imah ku getih manuk, ku cai seger, ku manuk hirup, ku kayu kiputri, ku hisop, jeung ku benang beureum.

⁵³ Manuk anu hirup keneh leupaskeun sina hiber ka luareun kota, ka tegalan. Ku cara kitu imam teh nyucikeun eta imah kalawan

upacara, geus kitu eta imah teh beresih tina kanajisanana.

⁵⁴ Kitu papakon hal kasakit kulit anu gawat,

⁵⁵ (14: 55-56) cenang, bisul atawa baruntusan, kitu keneh ngeunaan panyakit buluk anu terap kana papakean jeung kana imah.

⁵⁶ (14: 55)

⁵⁷ Ieu papakon teh pituduh geusan nangtukeun suci henteuna barang atawa naon bae.

15 ¹PANGERAN ngandikakeun ieu papakon ka Musa jeung Harun, ²pikeun urang Israil. Lalaki anu boga kasakit bengang, bengangna teh najis, ³boh nanahna ngaley boh meteng. ⁴Enggon anu dikedengan ku nu bengang, najis.

⁵Anu antel kana urut ngedengna,

⁶ atawa diuk dina urut diukna, kudu nyeuseuh pakeanana terus mandi, tapi najisna mah nepi ka burit.

⁷Anu antel ka jelema anu bengang kudu nyeuseuh pakeanana terus mandi, tapi najisna mah terus nepi ka burit.

⁸Jelema anu beresih mun kaciduhan ku nu bengang kudu nyeuseuh pakeanana terus mandi, tapi najisna mah nepi ka burit.

⁹Sela atawa naon bae anu didiukan ku nu bengang, najis.

¹⁰ Anu antel kana naon bae anu tas kadiukan ku nu bengang najis nepi ka burit. Anu mawa barang urut diuk anu bengang, kudu nyeuseuh pakeanana terus mandi, tapi najisna mah nepi ka burit.

¹¹ Lamun anu bengang nyabak batur henteu ngumbah leungeun heula, nu dicabakna kudu nyeuseuh pakeanana terus mandi, tapi najisna mah nepi ka burit.

¹² Parabot tina taneuh anu kacakku nu bengang kudu terus dipeupeuskeun, upama parabot tina kayu kudu dikumbah.

¹³ Upama nu bengang tea cageur, ti saentas cageurna kudu nunggu tujuh poe. Tuluy kudu nyeuseuh pakeanana jeung mandi di cinyusu, geus kitu jadi beresih.

¹⁴ Dina poe kadalapanna kudu mawa dua manuk japati atawa tikukur ka lawang Kemah Tepangan PANGERAN, serenkeun ka imam.

¹⁵ Manukna ku imam kudu dipeuncit, hiji keur kurban pamupus dosa hiji keur kurban beuleuman. Jadi eta jelema ku imam dipangurbankeun pikeun ngesahkeun kaberesihanana.

¹⁶ Lalaki tas kaluar cikama kudu mandi ngaguyur awakna, tapi najisna mah nepi ka burit.

¹⁷ Barang-barang tina lawon atawa kulit anu kacakclakan cikama kudu dikumbah, najisna nepi ka burit.

¹⁸ Lalaki jeung awewe anu tas sapatemon kudu mandi sarta najisna nepi ka burit.

¹⁹ Awewe anu tas haid sajero tujuh poe tetep kotor. Anu antel ka eta awewe kabawa kotor nepi ka burit.

²⁰ Naon bae anu didiukan atawa dikedengan ku awewe keur haid kabawa kotor.

²¹ (15: 21-23) Anu antel kana enggon hees atawa kana naon bae anu kadiukan ku awewe anu haid, kudu nyeuseuh pakeanana terus mandi, tapi najisna mah nepi ka burit.

²² (15: 21)

²³ (15: 21)

²⁴ Lalaki anu sapatemon jeung awewe keur haid, katepaan kotor tujuh poe lilana. Enggon heesna oge kabawa kotor.

²⁵ Awewe anu ngagetih lain mangsa, atawa ngagetih liwat ti waktu haidna, salila ngagetihna can eureun kaayaanana sarua jeung haid, najis.

²⁶ Enggon heesna, kitu deui sagala rupa anu didiukan ku manehna salila dina kaayaan kitu, najis.

²⁷ Anu antel kana awakna kudu nyeuseuh pakeanana terus mandi, tapi najisna mah nepi ka burit.

²⁸ Sanggeus ngagetihna eureun, eta awewe kudu nunggu tujuh poe deui, geus kitu kakara dirina beresih deui.

²⁹ Dina kadalapan poena kudu ka imam di lawang Kemah Tepangan PANGERAN, mawa dua manuk japati atawa tikukur.

³⁰ Manukna ku imam kudu dipeuncit, hiji keur kurban pamupus dosa, hiji keur kurban beuleuman. Ku jalan kitu imam teh ngajalankeun upacara nyucikeun eta awewe.

³¹ Timbalan PANGERAN ka Musa, urang Israil kudu kacida dipeupeujeuhanana perkara kateuberesihanana, ulah nepi ka jadi matak nganajiskeun ka Kemah Tepangan anu aya di tengah-tengah pasanggrahanana, bisi maranehna paraeh.

³² Kitu papakon pikeun lalaki anu boga kasakit bengang atawa kaluar cikama,

³³ pikeun awewe sapanjang keur haid, pikeun lalaki anu nyorang awewe nu keur haid.

16¹ Sanggeus putra Harun anu duaan tea tiwas lantaran ngahaturkeun seuneu anu henteu suci, PANGERAN nimbalan deui ka Musa.

² Kieu timbalana-Na, "Bejakeun ka Harun lanceuk maneh, yen ari asup ka jeroeun lalangse rek ka Kamar Pangscina, kudu dina waktu nu geus tangtu. Sabab dina waktu-waktu eta bae Kami aya di dinya, dina mega luhureun tutup Peti Perjangjian. Lamun hal ieu ku manehna dirempak tangtu tiwas.

³ Manehna kakara meunang asup ka Kamar Pangscina lamun geus ngurbankeun hiji anak

sapi jalu keur kurban pamupus dosa jeung
hiji domba jalu keur kurban beuleuman."

⁴ Geus kitu PANGERAN maparinkeun
papakonna. Samemeh lebet ka Kamar
Pangsucina, Harun kudu siram heula, terus
dangdos ku anggoan imam, nya eta jubah
kaci, lancingan pondok, beulitan, jeung
dastar.

⁵ Ari jamaah Israil kudu nyerenkeun dua
embe jalu ka Harun keur kurban pamupus
dosa, jeung hiji domba jalu keur kurban
beuleuman.

⁶ Harun ku anjeun kudu ngahaturkeun
kurban sapi jalu keur mupus dosa salirana
saputra garwa.

⁷ Geus kitu dua embe jalu tea ku anjeunna
kudu dijogokeun di lawang Kemah PANGERAN.

⁸ tuluy kudu dilotrekeun ku dua batu elot.
Elot nu hiji unina "Haturan PANGERAN", nu
hiji deui unina "Pikeun Asasel".

⁹ Embe anu keuna ku elot haturan PANGERAN
ku Harun kudu dipeuncit pikeun kurban
pamupus dosa.

¹⁰ Embe anu keuna ku elot pikeun
Asasel kudu disanggakeun hirup-hirup ka
PANGERAN, engkena kudu dibuburak ka
gurun keusik pikeun Asasel keur mupus dosa
jamaah.

¹¹ Sapi jalu ku Harun kudu dipeuncit keur
kurban pamupus dosa, panebus dosa salirana
saputra garwa.

¹²Sanggeus kitu anjeunna kudu nyandak parukuyan dieusi ruhak tina altar, jeung seuseungitan dua keupeul, bawa asup ka Tempat Pangscina.

¹³Sanggeus aya di pangdeuheusan ka PANGERAN, eta seuseungitan asupkeun kana parukuyan, haseup kukusna sina ngaliputan turub Peti Perjangjian, nepi ka eta Peti teu katingali ku anjeunna, sabab lamun katingali tanwande anjeunna tiwas.

¹⁴Getih sapi tea kudu dicandak saeutik, kepret-kepret kana turub Peti Perjangjian jeung ka hareupeun eta Peti tujuh kali.

¹⁵Geus kitu kudu meuncit embe pikeun kurban mupus dosa tea pikeun nebus dosa jamaah. Getihna bawa ka Kamar Pangscina, kepret-kepret kana turub Peti Perjangjian jeung ka hareupeun eta Peti sakumaha halna getih sapi tea.

¹⁶Ku jalan kitu anjeunna ngadamel upacara nyucikeun Kamar Pangscina tina rereged jeung sagala dosa urang Israil. Nu matak kudu kitu teh lantaran eta Kemah Tepangan aya di tengah pasanggrahan, tempat rereged.

¹⁷Salila Harun keur aya di jero Tempat Pangscina ngajalankeun upacara nyucikeun nepi ka kaluarna deui, di jero Kemah teu meunang pisan aya jelema sejen. Sarengsena ngajalankeun upacara keur salirana saputra garwa jeung keur sajamaah,

¹⁸kudu terus kaluar ka tempat altar kurban beuleuman; eta oge kudu disucikeun, tatandukanana sakurilingna olesan getih sapi jeung getih embe tea.

¹⁹Altarna kudu dikepretan getih ku curuk tujuh kali. Ku jalan kitu eta altar teh disucikeun tina dosa urang Israil.

²⁰Sanggeus beres upacara nyucikeun Tempat Pangscina, babagian Kemah Tepangan jeung altar, embe pikeun Asasel, nu hirup keneh tea, ku Harun kudu disanggakeun ka PANGERAN.

²¹Anjeunna kudu numpangkeun panangan duanana kana sirah eta embe bari ngikrarkeun sagala kadorakaan, sagala dosa, jeung sagala kabasangkalan urang Israil, diteumbleuhkeun kana sirah eta embe. Ti dinya eta embe kudu dibuburak ka tengah gurun keusik ku hiji jelema anu geus ditangtukeun.

²²Jadi sagala dosa urang Israil teh dibawa ku eta embe ka salah sahiji tempat anu taya jelemana.

²³Geus kitu Harun kudu lebet deui ka jero Kemah, tuluy cucul-cucul anggoan imam anu dianggo basa memeh lebet ka Tempat Pangscina. Anggoan teh disimpen di jero Kemah.

²⁴Ti dinya anjeunna kudu siram di tempat suci, tuluy gentos anggoan ku anggoan ku anjeun. Sanggeus kitu kudu kaluar pikeun nyanggakeun kurban beuleuman pikeun

ngaleungitkeun dosa salirana jeung dosa jamaah.

²⁵ Gajih sato kurban dosa tea kudu dibeuleum dina altar.

²⁶ Jelema anu ngabuburak embe pikeun Asasel tea, memeh asup deui ka pasanggrahan kudu nyeseuh heula pakeanana terus mandi.

²⁷ Sapi jeung embe anu geus dipeuncit pikeun kurban dosa, anu getihna dibawa asup ka Tempat Pangscina pikeun ngaleungitkeun dosa tea, kudu dibawa ka luareun pasanggrahan terus duruk. Kulitna, dagingna, jeroanana, kabeh kudu diduruk.

²⁸ Jelema anu ngadurukna samemeh asup deui ka pasanggrahan kudu nyeseuh heula pakeanana terus mandi.

²⁹ Ieu aturan-aturan anu kudu digumatikeun salilana. Dina poe nu kasapuluh bulan katujuh, urang Israil kitu deui urang asing anu cicing di maranehna kudu paruasa sarta teu meunang barang gawe naon-naon.

³⁰ Dina poe eta kudu nyieun upacara nyucikeun urang Israil tina sagala dosana supaya dirina beresih nurutkeun agama.

³¹ Poe eta kudu jadi poe anu kacida sucina, kudu dipake pikeun puasa jeung teu meunang pisan barang gawe. Ieu aturan kudu digumatikeun salilana.

³² Imam Agung, anu geus diistrenan jeung geus disucikeun pikeun ngaganti bapana,

kudu ngalampahkeun eta upacara nyucikeun.
Kudu make pakean imam,

³³tuluy kudu ngalampahkeun upacara nyucikeun Kamar Pangscina, nyucikeun bagian-bagian sejen Kemah PANGERAN, nyucikeun imam-imam, jeung nyucikeun sakumna urang Israil.

³⁴Ieu aturan-aturan kudu digumatikeun salilana. Upacara kieu kudu dilampahkeunana sataun sakali, pikeun nyucikeun sakumna urang Israil tina sakabeh dosana. Eta timbalan PANGERAN ku Musa dijalankeun.

17 ¹PANGERAN nimbalan ka Musa,
²nepikeun ieu pikukuh anu kudu dilakonan ku Harun jeung putra-putrana jeung ku bangsa Israil.

³(17: 3-4) Urang Israil anu meuncit sapi atawa domba atawa embe kurbankeuneun ka PANGERAN di mana bae, lain di hareupeun lawang Kemah Tepangan, eta ngarempak Hukum. Peta kitu kaasup maehan, ngocorkeun getih, teu meunang diaku deui umat Allah.

⁴(17: 3)

⁵Maksud ieu pikukuh sangkan urang Israil anu biasana meuncit pikurbanneun di luar, ayeuna mah satona kudu disanggakeun heula ka PANGERAN. Jadi ayeuna mah sato kurban teh kudu dibawa ka imam di lawang Kemah Tepangan, dipeuncit di dinya keur kurban panarima ka PANGERAN.

⁶Getihna ku imam kudu dikepret-kepret kana sakuriling altar nu di lawang Kemah Tepangan, sarta gajihna dibeuleum, sangkan seungitna kaangseu ku PANGERAN.

⁷Urang Israil teu meunang peupeuncitan deui di tegalan pikeun kurban ka jurig-jurig, sabab peta kitu teh hartina teu satia ka PANGERAN. Ieu pikukuh ku urang Israil kudu digumatikeun sapapanjangna.

⁸Lamun urang Israil atawa urang asing anu numpang di urang Israil rek nyieun kurban beuleuman, atawa kurban naon bae haturan PANGERAN, ngahaturkeunana kudu di hareupeun lawang Kemah PANGERAN.

⁹Lamun ngahaturkeunana di tempat sejen, teu meunang diaku deui umat Allah.

¹⁰Urang Israil atawa urang luar nu maratuh di Israil, lamun ngadahar daging anu getihna aya keneh bakal diancam ku PANGERAN tur moal diaku deui jadi umat Mantenna.

¹¹Sabab hirupna sakabeh mahluk aya dina getihna. Nu matak saur PANGERAN getih teh kudu dikucurkeun kana altar, pikeun ngaleungitkeun dosa Israil sajamaah. Anu ngaleungitkeun dosa teh nya eta getih, nyawa tea.

¹²Eta sababna nu matak PANGERAN nimbalan ka urang Israil yen boh maranehna boh urang luarna, teu meunang ngadahar daging anu aya keneh getihna.

¹³ Urang Israil atawa urang luar anu ngarancik di Israil, lamun moro sato atawa manuk anu halal, getihna kudu dikucurkeun tuluy rimbunan ku taneuh.

¹⁴ Nyawa tiap mahluk aya dina getihna. Eta sababna PANGERAN ngalarang urang Israil ngadahar daging anu getihan keneh. Sing saha nu kitu moal diaku deui umat Mantenna.

¹⁵ Unggal jelema, urang Israil atawa lain, lamun ngadahar daging sato anu paeh bangkar atawa paeh ku sato galak, kudu nyeuseuh pakean terus mandi. Dirina bisa beresih deui lamun geus burit.

¹⁶ Lamun teu kitu bakal narima balukarna.

18 ¹PANGERAN ngandika ka Musa ²pikeun urang Israil. Pangandika-Na, "Maraneh ulah nurutan urang Mesir urut maraneh bareto ngumbara.

³ Jeung ulah nurutan urang Kanaan anu ayeuna ku Kami dituju rek mawa maraneh ka ditu.

⁴ Tarurut aturan jeung hukum Kami, lampahkeun timbalan Kami, PANGERAN Allah maraneh.

⁵ Estokeun pituduh ti Kami, lakonan sangkan salamet. Kami teh PANGERAN."

⁶ Ti dinya PANGERAN nurunkeun ieu pikukuh: Maraneh teu meunang sapatemon jeung awewe baraya sorangan.

⁷ Teu meunang sapatemon jeung indung, ngahina ka bapa jeung ka indung sorangan.

⁸Teu meunang ngahina ka bapa, sapatemon jeung salah saurang pamajikanana.

⁹Teu meunang sapatemon jeung dulur awewe atawa dulur tere awewe, boh jeung nu saimah boh jeung nu misah imah.

¹⁰Teu meunang sapatemon jeung incu awewe, hina diri.

¹¹Teu meunang sapatemon jeung kapiadi awewe, da eta teh sasat adi teges.

¹²(18: 12-13) Teu meunang sapatemon jeung bibi ti bapa atawa bibi ti indung.

¹³(18: 12)

¹⁴Teu meunang sapatemon jeung pamajikan paman da eta teh bibi maneh keneh.

¹⁵Teu meunang sapatemon jeung minantu awewe,

¹⁶teu meunang sapatemon jeung pamajikan adi atawa pamajikan lanceuk.

¹⁷Teu meunang sapatemon jeung anak atawa incu ti awewe anu kungsi sapatemon jeung maraneh, sabab eta teh sasat anak atawa incu sorangan, lampah kitu rucah.

¹⁸Ulah nyandung ka adi atawa lanceuk pamajikan satungtung pamajikan maneh hirup keneh.

¹⁹Teu meunang sapatemon jeung awewe anu keur haid sabab awewena keur reged.

²⁰Teu meunang sapatemon jeung pamajikan batur, eta lampah najis.

²¹Anak maraneh ulah dibikeun dijieun sarat muja ka aallahan anu ngaranna si Molek,

kalakuan kitu ngahinakeun pajenengan Allah
PANGERAN.

²² Teu meunang jima jeung papada lalaki,
eta kalakuan pikacuaeun Allah.

²³ Teu meunang ngajima sasatoan. Awewe
teu meunang sapatemon jeung sato, kalakuan
anu nya nista nya rujit.

²⁴ Pacuan ngarurujit diri ku kalakuan anu
karitu. Anu sok ngarurujit diri kitu teh
urang kapir, anu maratuhna di Kanaan
saheulaeun maraneh, anu ku PANGERAN keur
disingkirkeun supaya maraneh bisa arasup ka
ditu.

²⁵ Kalakuan maranehna kitu bakal
ngalantarankeun eta tanah reged, sarta eta
tanah ku PANGERAN tangtu disiksa datang ka
ngutahkeun jalma-jalma pangeusina.

²⁶ (18: 26-27) Kalakuan maranehna kacida
rarujitna nepi ka tanahna oge jadi rujit.
Maraneh mah ulah kitu. Maraneh kabeh
urang Israil kitu deui nu lain urang Israil nu
di darieu, kudu tunduk kana pikukuh jeung
timbalan PANGERAN,

²⁷ (18: 26)

²⁸ sangkan ulah diutahkeun ku eta tanah
cara urang ditu anu maratuhna ti heulaeun
maraneh.

²⁹ Nu matak sing saha anu boga kalakuan
rujit saperti kitu moal diaku deui umat Allah.

³⁰ PANGERAN ngandika deui, "Tekanan ieu
pikukuh-pikukuh ti Kami. Ulah boga kalakuan

cara jelema-jelema anu baheula maratuh di ditu samemeh maraneh. Ulah ngarereged maneh ku kalakuan-kalakuan anu karitu. Kami teh PANGERAN, Allah maraneh."

19¹ PANGERAN ngandika deui ka Musa,
² pikeun sakumna urang Israil, "Kudu beresih lampah. Sabab Kami PANGERAN Allah maraneh, suci.

³ Masing hormat ka indung bapa. Masing satia kana Sabat Kami. Ieu Kami PANGERAN Allah maraneh.

⁴ Ulah ngalieus ti Kami tuluy muja ka brahala-brahala. Ulah nyieun arca-arca aallahana tuluy disembah. Ieu Kami PANGERAN Allah maraneh.

⁵ Lamun meuncit sato keur kurban panarima kudu nurutkeun pikukuh ti Kami, supaya ku Kami ditarima.

⁶ Dagingna kudu didahar dina poe dipeuncitna, meunang nyesa nepi ka poe isukna. Lamun pagetona nyesa keneh kudu diduruk sabab geus henteu beresih, geus najis.

⁷ Upama didahar bae, kurbanna ku Kami moal ditarima.

⁸ Sing saha anu ngadaharna kudu nanggung kasalahanaan sabab geus nganistakeun barang suci kagungan Kami. Balukarna moal diaku deui umat Kami.

⁹Lamun dibuat, gandum anu di sisi-sisi kotakan ulah diala, jeung ulah ngimeutan anu geus kaliwat.

¹⁰Kitu deui ari mupu anggur, anu can kaala lantaran kaliwat mah ulah diimeutan, nu murag ulah dipulung, keun bae antepkeun pikeun anu mariskin jeung nu lain pribumi. Kami teh PANGERAN Allah maraneh.

¹¹Ulah maling, ulah nипу, ulah cidra.

¹²Ulah jangji nyebut jenengan Kami ari baris jalir mah, sabab nganistakeun jenengan Kami. Kami teh PANGERAN Allah maraneh.

¹³Ulah miboga atawa ngarampas barang batur. Ulah nunda kulian jelema anu buburuh, ulah dipeutingkeun nepi ka isukna.

¹⁴Ulah nyumpahan ka jelema torek, ulah ngajailan anu lolong neundeun tatajongeun dina jajalaneunana. Sing sieun ku Kami, PANGERAN Allah maraneh.

¹⁵Mun mutus perkara sah kudu jujur, kudu nurutkeun kumaha perkara nu sabenerna, ulah dumeh watir ka nu miskin atawa serab ku nu beunghar,

¹⁶ulah bari ngagogoreng ngupat batur. Jeung lamun aya jelema kaancam hirupna teh belaan, terangkeun halna nu saenyana kumaha, malak mandar panyaksi maneh jadi pitulung. Kami teh PANGERAN.

¹⁷Lamun keur pasalingsingan jeung batur ulah panas, mending ngelehan, ulah nepi ka matak jadi dosa ku hal manehna.

¹⁸ Ulah hayang ngabales atawa ngunek-
ngunek, malah kudu nyaah ka batur saperti
ka diri sorangan. Kami teh PANGERAN.

¹⁹ Sing narurut ka timbalan-timbalan Kami.
Ulah ngabasterkeun sato ingu. Ulah melak
dua rupa binih disakebonkeun. Ulah make
papakean tina dua rupa lawon.

²⁰ Lamun aya lalaki ngalanggar kahormatan
jariahna anu geus pait rek dijual ka lalaki
sejen keur piselireunana ngan can dibayar,
lalaki dununganana jeung jariahna henteu
manjing hukum paeh, hukum rangket bae,
sabab awewena jadi jariahna keneh.

²¹ Dununganana kudu mawa hiji domba jalu
ka lawang Kemah Tepangan Kami pikeun
kurban kasalahan.

²² Dombana ku imam kudu dijieun sarat
pikeun ngaberesihkeun dirina, nyirnakeun
dosana, tangtu ku Allah dihampura.

²³ Di mana maraneh geus arasup ka tanah
Kanaan, lamun melak bubuhanan naon bae,
di jero tilu taun mimiti mah buahna kudu
diharamkeun, pacuan didahar sapanjang eta
mah.

²⁴ Dina taun kaopatna bubuhanan
kudu disanggakeun kabeh ka Kami,
kurbankeun, tanda panarima maraneh ka
Kami, PANGERAN.

²⁵ Bubuhanan taun kalimana kop jang
maraneh. Saupama hal ieu ditekanan,
tatangkalan maraneh bakal leuwih laleubeut

baruhanana. Kami teh PANGERAN Allah maraneh.

²⁶ Pacuan ngadahar daging anu aya keneh getihna. Pacuan nyieun sihir.

²⁷ Buuk teu meunang dipolka, sisi janggot teu meunang dikerik.

²⁸ Teu meunang ngukir awak, dicocogan. Ari keur kapapatenan teu meunang nurihan maneh. Kami teh PANGERAN.

²⁹ Ulah nganistakeun anak awewe sina jaradi dayang imah pamujaan. Upama maraneh kitu maraneh teh malik nyembah ka allah-allah sejen, sarta tanah teh tangtu pinuh ku nu raruksak ahlak.

³⁰ Sing gumati kana Sabat Kami, sing ngajenan tempat paranti ngabakti ka Kami. Kami teh PANGERAN.

³¹ Ulah marenta nasehat ka tukang tatanya ka arwah-arwah jelema nu geus paraeh. Upama maraneh kitu maraneh teh najis. Kami teh PANGERAN Allah maraneh.

³² Masing hormat, ngajenan ka jelema-jelema anu geus karolot. Masing sarieun ku Kami. Kami teh PANGERAN.

³³ Ulah sok sakama-kama ka batur teu sabangsa anu ngumbara di maraneh.

³⁴ Aku maranehna kawas ka sasama urang Israil, pikanyaah cara ka awak sorangan. Sing aringet maraneh ge kungsi narumpang hirup di tanah batur di Mesir. Kami teh PANGERAN Allah maraneh.

³⁵ Ulah malsu eloan, timbangan, takeran, dipake ngalicikan batur.

³⁶ Taraju kudu bener, timbangan kudu bener, eloan kudu bener. Kami teh PANGERAN Allah maraneh, anu ngaluarkeun maraneh ti Mesir.

³⁷ Sing narurut kana sagala pikukuh jeung timbalan Kami. Kami teh PANGERAN."

20 ¹PANGERAN ngandika deui ka Musa, ²pikeun urang Israil, "Anu mikeun salah saurang anakna pikeun sarat ngabakti ka si Molek aallahen tea, boh ti kalangan maraneh boh ti nu sejen anu narumpang di maraneh, ku sakabeh jelema kudu dibaledogan ku batu nepi ka paeh.

³Anu nyerenkeun salah saurang anakna ka si Molek pikeun maksud nyumahkeun kasucion Kemah jeung kasucion jenengan Kami, ku Kami tangtu dilawan sarta moal diaku deui umat.

⁴Upama anu boga kalakuan kitu ku jamaah diantep teu dipaehan,

⁵bakal dilawan ku Kami pribadi, boh manehna saanak pamajikanana, boh nu marilu teu satia ka Kami ngabarakti ka si Molek, ku Kami moal diaku deui umat.

⁶Jelema anu menta pituduh ka tukang nyarumah bakal dilawan ku Kami, jeung moal diaku deui umat.

⁷Masing marulus kalakuan, sabab Kami teh PANGERAN Allah maraneh.

⁸Masing narurut kana pikukuh-pikukuh Kami, sabab maraneh geus dipilih ku Kami, PANGERAN."

⁹Ti dinya PANGERAN nurunkeun pikukuh-Na, "Sing saha anu nyumpahan ka bapa atawa ka indung kudu dipaehan, sabab manjing hukum paeh.

¹⁰Sing saha anu ngaranyed ka pamajikan batur sasama Israil kudu dipaehan jeung awewena.

¹¹Sing saha anu ngajinahan salah sahiji pamajikan bapana, teu ngendahkeun ka nu jadi bapa, kudu dipaehan jeung awewena. Kudu paraeh ku salahna sorangan.

¹²Sing saha anu jinah jeung minantu awewe kudu dipaehan jeung awewena, sabab kanircaanana manjing hukum paeh. Kudu paeh ku salahna sorangan.

¹³Sing saha anu silih jima jeung papada lalaki, hiji kalakuan anu pikagirukeun, kudu dipaehan duanana. Kudu paraeh ku salahna sorangan.

¹⁴Sing saha nu kawin nya ka anakna nya ka indungna, kudu diduruk tiluanana nepi ka paeh ku karana eta kalakuanana; hal anu saperti kitu pacuan aya di maraneh.

¹⁵Lalaki anu ngajima sato kudu dipaehan jeung satona.

¹⁶Awewe anu sapatemon jeung sato kudu dipaehan jeung satona, sabab manjing hukum paeh.

¹⁷ Anu kawin jeung dulur saindung sabapa atawa jeung kapidulur, duanana kudu diearkeun ka balarea tuluy usir kaluar ti jamaah. Lalakina ku sabab geus nyorang orat dulur sorangan, kudu nanggung susah payahna.

¹⁸ Lalaki anu sapatemon jeung awewe nu keur haid kudu diusir jeung awewena ti jero jamaah, sabab nyumahkeun pikukuh hal kaberesihan diri.

¹⁹ Alo sapatemon jeung bibi duanana kudu nanggung balukar kanircaanana.

²⁰ Anu ngajinahan salah sahiji pamajikan pamanna, ngahina ka nu jadi paman, duanana kudu nanggung balukarna moal baroga anak.

²¹ Lalaki anu kawin ka dulur saindung sabapa moal boga anak. Lalakina geus migawe kanistaan sarta teu ngajenan ka nu jadi dulur."

²² PANGERAN nimbalan deui, "Tarurut pikukuh jeung timbalan-timbalan Kami, supaya maraneh ulah nepi ka ditolak ku tanah Kanaan anu ayeuna keur diteang kalawan panuyun Kami.

²³ Pacuan nyangkok adat kabiasaan urang ditu. Eta bangsa-bangsa anu nyarembah ka brahala teh ku Kami rek diusir ti ditu, sangkan maraneh bisa arasup. Maranehna geus nyumahkeun ka Kami ku sagala kadorakaanana.

²⁴ Kami geus jangji, eta tanah anu mukti jeung lendo taneuhna teh rek dibikeun ka maraneh. Kami teh PANGERAN, Allah maraneh anu geus ngahaja milih maraneh dipisahkeun ti bangsa-bangsa sejen.

²⁵ Ku sabab kitu maraneh kudu enya-enya ngabedakeun sasatoan jeung bangsa manuk anu halal jeung nu haram. Naon bae anu kudu diharamkeun ku Kami geus diterangkeun. Lamun didalahar maraneh bakal najis.

²⁶ Maraneh kudu mulus kalakuan, kudu tetep jadi umat Kami bae nyalira, sabab Kami teh PANGERAN, sarta Kami teh suci. Maraneh ku Kami geus dipeting, dipisahkeun ti bangsa-bangsa sejen, sangkan jadi umat Kami bae.

²⁷ Sing saha anu menta nasehat ka arwah-arwah jelema nu geus paraeh kudu dibaledogan ku batu nepi ka paeh, sabab kalakuan kitu teh manjing hukum paeh."

21 ¹PANGERAN ngandika deui ka Musa, supaya anjeunna micatur ka imam-imam putra Harun, kieu, "Pacuan imam milu kana upacara nguburkeun mayit barayana.

²Kajaba lamun nu paeh teh indungna, bapana, anakna nu lalaki, anakna nu awewe, dulur lalaki,

³atawa dulur anu parawan keneh anu saimah jeung manehna.

⁴ Ulah ngotoran maneh ku hal paehna baraya ti pamajikan.

⁵ Imam teu meunang ngabotakan sirah sapotong, teu meunang ngerik sisi janggot, teu meunang nurihan maneh dumeh keur tunggara.

⁶ Diri kudu suci, ulah nyumahkeun pajenengan Kami. Imam teh purah nyanggakeun kurban kadaharan ka Kami, jadi kudu suci.

⁷ Imam teu meunang mihukum awewe urut dayang atawa ka anu geus lain parawan, atawa ka popotongan batur, sabab dirina suci.

⁸ Jalma-jalma kudu nyaraho yen imam teh suci, anu dibakukeun purah nyanggakeun kurban kadaharan pikeun Kami. Kami teh PANGERAN. Kami teh suci, anu geus nyucikeun umat Kami.

⁹ Upama anak imam jadi dayang, eta teh nyumahkeun kalungguhan bapana, hukumanana kudu paeh diduruk.

¹⁰ Imam teh sirahna geus dikucuran minyak suci, jeung geus diistrenan, sah make pakean imam. Jadi buuk kudu luis ulah diantep teu disisiran, jeung teu meunang nyosoeh pakean ari keur tunggara.

¹¹ (21:11-12) Dirina geus dibaktikeun ka Kami, teu meunang ngarereged maneh; ulah ninggalkeun Kemah Suci Kami tuluy asup ka imah anu keur kapapatenan, sanajan upamana anu maot teh bapa atawa indung

sorangan, sabab kitu teh nyumahkeun kana
Kemah Kami anu suci.

¹²(21:11)

¹³Rarabina kudu ka parawan,

¹⁴teu meunang ka randa atawa ka
popotongan batur atawa ka urut dayang. Anu
meunang dipirabi ku imam ngan parawan ti
kalanganana sorangan.

¹⁵Lamun teu kitu, engkena anak-anakna
anu kuduna disucikeun teh jadi henteu suci.
Kapan imam teh geus ngahaja ku Kami
dipilih, ku PANGERAN, dijieun Imam Agung."

¹⁶PANGERAN ngandika deui ka Musa,

¹⁷supaya anjeunna micatur ka Harun kieu,
"Turunan maneh anu awakna aya cacadna,
pacuan ngasongkeun kurban kadaharan ka
Kami. Pikukuh ieu pikeun sapapanjangna.

¹⁸Pacuan jelema cacad awak nyieun kurban,
nya eta: anu lolong, anu cingked, anu
beungeutna aya cedaan, atawa bengo,

¹⁹nu keked, nu deog,

²⁰anu pupundakan, anu pecekrek, nu
belekan, nu boga kasakit kulit, jeung nu
dikabiri.

²¹Pacuan, turunan Harun anu boga cacad
awak kumaha bae ngahaturkeun kurban
kadaharan pikeun Kami.

²²Ari kadaharanana mah meunang milu
ngadahar tina hancengan Kami, boh tina
kurban kadaharan anu suci boh tina kurban
kadaharan anu pangscina.

²³ Ngan ku sabab awakna aya cacadna, pacuan deukeut-deukeut kana reregan suci atawa deukeut-deukeut kana altar, sabab eta teh barang-barang suci, ulah nepi ka reged lantaran dideukeutan ku manehna, sabab eta barang-barang geus disucikeun ku Kami, PANGERAN."

²⁴ Kitu ungelna pangandika PANGERAN anu ku Musa diuningakeun ka Harun jeung ka bangsa Israil.

22 ¹PANGERAN ngandika deui ka Musa, ²sangkan anjeunna nyaurkeun ka Harun sapala putra kieu, "Maraneh sing ati-ati ngajaga kasucion jenengan Kami. Jadi lamun keur ngahaturkeun kurban-kurban pangbakti ti urang Israil kudu nurutkeun anggah-ungguh anu baku. Kami teh PANGERAN.

³Lamun maraneh keur dina kaayaan najis heug deukeut-deukeut kana kurban suci pangbakti ti urang Israil, saumur-umur teu meunang deui ngalalayanan altar. Pikukuh ieu pikeun sapapanjangna. Kami teh PANGERAN.

⁴Turunan Harun anu boga kasakit lepra atawa bengang, teu meunang aya anu milu ngadahar kurban-kurban suci sapanjang kaayaanana tacan pulih beresih deui. Unggal imam bakal najis kaayaanana lamun tas antel kana bangke, atawa tas kaluar cikama,

⁵ atawa tas antel kana sato anu najis, atawa ka jelema anu keur najis.

⁶Imam anu kanajisan, sanajan meunang ngadahar kurban suci oge lamun can tepi ka burit jeung can mandi beberesih mah kaayaanana tetep najis.

⁷Bisana beresih deui sanggeus surup panonpoe. Geus kitu kakara meunang ngadahar kurban-kurban suci anu memang dahareunana.

⁸Imam teu meunang ngadahar daging sato anu paeh bangkar atawa paeh ku sato galak, matak najis kana dirina. Kami teh PANGERAN.

⁹Kabeh imam kudu gumati kana pikukuh-pikukuh ti Kami. Salah lamun teu kitu, sarta tangtu bakal tiwas lantaran henteu iman kana pikukuh-pikukuh suci. Kami teh PANGERAN, anu geus nyucikeun maranehna.

¹⁰Anu wenang milu ngadahar kurban-kurban suci ngan anak jeung pamajikanana bae. Nu lian mah kajeun saimah atawa jelema upahanana, teu diidinan.

¹¹Tapi gandek-gandek beulianana atawa anu dijurukeunana di imahna, meunang ngadahar sesa urut imam.

¹²Anak imam nu awewe, anu salakina lain imam, teu meunang ngadahar kurban-kurban suci.

¹³Tapi upama geus jadi randa atawa geus ditalak tur saimah deui sarta jadi tanggunganana, meunang ngadahar tina alas imam, ti bapana. Jadi anu meunang milu

ngadahar teh ngan saanak pamajikanana bae.

¹⁴ Jelema anu lain kulawarga imam, lamun teu kahaja ngadahar kurban suci, ka imam kudu ngaganti saharga anu didahar ditambah saperlimana tina pihargaeunana.

¹⁵ Imam kudu ngajaga kasucionana kurban pikeun Kami,

¹⁶ teu meunang ngajeunkeun eta didahar ku nu lain hakna. Jelema kitu teh salah jeung kudu dihukum. Kami teh PANGERAN, anu nyucikeun sagala kurban."

¹⁷ PANGERAN ngandika deui ka Musa,

¹⁸ supaya anjeunna nyaurkeun ka Harun sapala putra jeung ka bangsa Israil, pikukuh ieu: Lamun urang Israil atawa nu sejen rek ngabaktikeun kurban beuleuman, boh keur mayar kaul boh ku karana suka rela, satona teu meunang cacad naon-naon,

¹⁹ sarta kudu anu jalu jeung mulus supaya ditampi.

²⁰ Nu cacad mah ku PANGERAN moal ditampi.

²¹ Lamun rek ngabaktikeun kurban panarima ka PANGERAN, boh keur mayar kaul boh ku karana suka sorangan, anu bakal ditampi teh anu teu aya cacadna.

²² Ka PANGERAN teu meunang ngabaktikeun sato pecak, pengkor, buntung, gering, kurap atawa budug. Sato kitu mah ulah dikana altarkeun, ulah dijieun kurban kadaharan.

²³ Lamun ngurban ku karana suka sorangan, sato kore atawa anggahotana kurang sampurna oge meunang. Tapi keur mayar kaul mah sato kitu teh moal ditampi.

²⁴ Sato anu kanjutna pejet atawa kakeureut atawa eumeur atawa rangsak, ulah dibaktikeun ka PANGERAN. Hal sarupa kitu ulah dijalankeun di sakuliah tanah maraneh.

²⁵ Ulah mere sato anu asal ti urang asing pikeun jadi kurban kadaharan. Nu kitu mah dianggap cacad bae, moal ditampi.

²⁶ (22: 26-27) Anak sapi atawa anak domba atawa anak embe anu anyar dijurukeun, samemeh umurna tujuh poe mah acan meunang dicokot ti indungna. Lamun geus umur sakitu meunang dijieun kurban kadaharan sarta bakal ditampi.

²⁷ (22: 26)

²⁸ Indung sapi atawa indung domba atawa indung embe lamun rek dikurbankeun jeung anakna, dikurbankeunana ulah dibarengkeun sapoe reujeung.

²⁹ Nyanggakeun kurban panarima ka PANGERAN kudu nurutkeun pikukuhna, sangkan panarima maraneh katampi.

³⁰ Dagingna kudu beak didahar sapoe eta teu meunang nyesa nepi ka poe isukna.

³¹ PANGERAN ngandika, "Turutkeun timbalan-timbalan Kami; Kami teh PANGERAN.

³² Ulah ngotoran jenengan Kami nu suci. Sakumna urang Israil kudu ngaku yen Kami teh Maha Suci. Kami teh PANGERAN, sarta maraneh ku Kami geus dijadikeun suci.

³³ Kami geus ngaluarkeun maraneh ti Mesir sangkan Kami jadi Allah maraneh. Kami teh PANGERAN."

23 ¹PANGERAN ngandika deui ka Musa,
²ngeunaan pikukuh poe-poe
 anu mulya pikeun urang Israil karumpul
 ngalakonan ibadahna.

³Poe pikeun digawe lilana genep poe. Poe katujuh poe Sabat, poe pikeun reureuh. Dina poe eta maraneh ulah barang gawe, kudu karumpul ngabakti. Ngancik di mana bae, poe Sabat ku maraneh kudu disanggakeun ka PANGERAN.

⁴Poe-poe mulya saban-saban cunduk waktuna kudu diumumkeun, nya eta ieu:

⁵Pesta Paska teh pikeun ngagungkeun PANGERAN. Dimimitianana dina bulan kahiji tanggal opat belas, sanggeus surup panon poe.

⁶Ari Pesta Roti Teu Make Ragi dimimitianana tanggal lima belasna. Tujuh poe lilana maraneh teu meunang ngadalaha roti anu diragi.

⁷Dina poean mimiti pesta maraneh kudu kumpul ngabakti, sarta teu meunang barang gawe naon-naon.

⁸Tujuh poe lilana maraneh kabeh kudu nyanggakeun kurban kadaharan ka PANGERAN. Dina poe katujuhna kudu kumpul deui ngabakti, sarta teu meunang barang gawe naon-naon.

⁹(23: 9-10) Upama maraneh engke geus araya di tanah anu ku Kami rek dibikeun, lamun geus usum dibuat, keupeulan anu mimiti kudu diserenkeun ka imam.

¹⁰(23: 9)

¹¹Ku imam kudu disanggakeun ka PANGERAN, sangkan maraneh kamanah. Disanggakeunana kudu sabada poe Sabat, isukna.

¹²Poe eta waktu nyanggakeun gandum tea, maraneh kudu ngabaktikeun anak domba jalu umur sataun anu mulus keur kurban beuleuman,

¹³jeung tipung dua kilo campur minyak jetun keur kurban kadaharan. Seungitna eta kurban bakal ngabingahkeun ka PANGERAN. Jeung maraneh kudu ngahaturkeun anggur saliter.

¹⁴Memeh eta kabeh disanggakeun, hasil dibuat teh can meunang didalahar, boh gilingna boh sanggrayna, boh anu geus jadi roti. Pikukuh ieu kudu digumatikeun turun-tumurun sapapanjangna.

¹⁵Ti wates poe isukna sabada Sabat, nya eta ti wates maraneh nyanggakeun gandum tea

ka PANGERAN, maraneh kudu ngitung waktu
lilana compleng tujuh minggu.

¹⁶Sabada poe Sabat anu katujuh tea isukna
dina kalima puluh poena, maraneh kudu
nyanggakeun deui hasil dibuat.

¹⁷Unggal rumah tangga kudu nyanggakeun
kurban asongan, roti dua siki ka PANGERAN,
anu bahanna masing-masing dua kilo tipung
beunang ngaragian, sarta asal tina gandum
anu diala pangmimitina.

¹⁸Kajaba ti eta roti, jamaah kudu
nyanggakeun anak domba tujuh siki umur
sataunan, sapi jalu hiji jeung embe dua,
kabeh kudu anu mulus. Kabeh kudu dijieu
kurban beuleuman haturan PANGERAN,
bareng jeung kurban kadaharan kitu deui
kurban anggur. Seungitna eta kurban bakal
ngabingahkeun ka PANGERAN.

¹⁹Jeung kudu nyanggakeun embe jalu hiji
pikeun kurban pamupus dosa, jeung dua
anak domba jalu anu umur sataun pikeun
kurban karapihan.

²⁰Imam kudu nyanggakeun roti tea jeung
dua anak domba ka PANGERAN, pikeun
bagian imam. Eta kurban-kurban sipatna
kabeh suci.

²¹Dina poe eta maraneh teu meunang
digawe, kudu kumpul ngabakti. Pikukuh
ieu kudu digumatikeun ku maraneh
turun-tumurun sapapanjangna di mana bae.

²² Lamun dibuat, gandum di sisi kotakan
mah ulah diala, jeung anu kaliwat teu kaala
ulah dibalikan, tinggalkeun bae pikeun anu
mariskin jeung nu lain pribumi. PANGERAN
teh Allah maraneh.

²³ (23: 23-24) Bulan katujuh tanggal hiji
kudu dipake reureuh jeung lamun geus
aya sora tarompet maraneh kudu kumpul
ngabakti.

²⁴ (23: 23)

²⁵ Maraneh kudu nyanggakeun kurban
kadaharan haturan PANGERAN jeung teu
meunang digarawe.

²⁶ (23: 26-27) Bulan katujuh tanggal
sapuluh kudu ngayakeun upacara taunan
pikeun ngahampura dosa jamaah. Poe
eta teu meunang dahar naon-naon, kudu
kumpul ngabakti jeung nyanggakeun kurban
kadaharan ka PANGERAN.

²⁷ (23: 26)

²⁸ Teu meunang digawe naon-naon, sabab
poe eta teh poe pangampura dosa.

²⁹ Sing saha anu barang dahar dina poe eta
moal diaku deui umat Allah.

³⁰ Jeung saha-saha anu digawe poe eta
bakal tiwas ku PANGERAN ku manten.

³¹ Pikukuh ieu kudu digumatikeun
turun-tumurun sapapanjangna di mana bae.

³² Ti semet surup panonpoe tanggal
salapan bulan eta nepi ka surup panonpoe
tanggal sapuluh, kudu dijieun poe reureuh

anu hidmat, sarta sapapanjang waktu eta maraneh teu meunang barang dahar naon-naon.

³³ (23: 33-34) Pesta Saung Daun dimimitian dina tanggal lima belas bulan katujuh, lilana tujuh poe.

³⁴ (23: 33)

³⁵ Dina poe kahijina maraneh teu meunang digarawe, kudu ngadegkeun kumpulan ngabakti.

³⁶ Saban poe di jero tujuh poe eta maraneh kudu nyanggakeun kurban kadaharan. Dina kadalapan poena kudu ngadegkeun deui kumpulan ngabakti jeung nyanggakeun kurban kadaharan. Poe eta poe ngabakti, teu meunang digarawe.

³⁷ Eta poe-poe kaagamaan kudu dipake ngamulyakeun PANGERAN, nya eta kumpul ngabakti ka PANGERAN sarta nyanggakeun kurban kadaharan, kurban beuleuman, kurban gandum, kurban peuncitan, jeung kurban anggur, sakumaha anu baku sapopoe.

³⁸ Ieu poe-poe kaagamaan teh ditambahkeun kana poe-poe Sabat. Ari kurban-kurban ditambahkeun kana pangbakti-pangbakti maraneh anu geus baku, kana kurban-kurban mayar kaul maraneh, jeung kana kurban-kurban maraneh ka PANGERAN ku karana suka sorangan.

³⁹ Unggal tas dibuat kudu dipestakeun tujuh poe mimiti ti tanggal lima belas bulan

katujuh. Dina poe kahijina kudu reureuh sing hidmat,

⁴⁰sarta kudu metik bubuhan nu pangalusna ti kebon maraneh, ngarala palapah korma jeung dangdaunan anu garomplok jeung gagangna, pikeun ngamimitian pestā kaagamaan ngamulyakeun PANGERAN,

⁴¹ anu lilana tujuh poe. Ieu pikukuh kudu dijalankeun turun-tumurun salawasana.

⁴² Salila tujuh poe sakumna urang Israil kudu caricing di saung-saung,

⁴³ supaya anak incu maraneh nyarahoeun yen bareto basa ku PANGERAN dicandak kaluar ti Mesir dikersakeun kudu hirup di saung-saung. Mantenna teh PANGERAN, Allah maraneh.

⁴⁴ Kitu pikukuh ti Musa ka urang Israil sarta maranehna kudu gumati kana pestā-pesta kaagamaan pikeun ngamulyakeun PANGERAN.

24 ¹PANGERAN ngandika deui ka Musa,
²supaya maparinkeun ieu pikukuh ka urang Israil: Lampu-lampu Kemah Tepangan kudu make minyak anu pangalusna pangherangna, supaya hurungna bisa terus.

³Saban geus burit lampu-lampuna kudu diseungeutan ku Harun, hurungna kudu terus nepi ka isuk di payuneun PANGERAN, nya eta di luareun reregan anu ngaalingan Peti Perjangjian di Tempat Pangscina. Ieu pikukuh kudu diestokeun salalawasna.

⁴Eta lampu-lampu anu sukuna emas murni diurusna kudu ku Harun, jeung kudu dijaga supaya hurungna angger, di payuneun PANGERAN.

⁵Nyokot tipung dua belas kilo, jeung jieun roti dua belas siki.

⁶Rotina ambengkeun dua jajar genep-genep dina meja emas murni tea payuneun PANGERAN.

⁷Unggal jajaran teundeunan dupa anu tulen, sarat ngalinggihkeun PANGERAN mayunan eta katuangan.

⁸Diambengkeunana kudu mayeng saban poe Sabat jeung kudu cara kitu, di payuneun PANGERAN. Ieu jadi kawajiban urang Israil salalawasna.

⁹Eta roti engkena pikeun Harun jeung anak-anakna. Didaharna kudu di tempat suci, sabab sipat eta kadaharan teh kacida sucina lantaran tina ambengan anu dibaktikeun ka PANGERAN pikeun imam-imam.

¹⁰(24: 10-11) Aya hiji jelema, bapana urang Mesir indungna urang Israil ngaran Selomit binti Dibri ti kaom Dan. Eta jelema pasea di pasanggrahan jeung hiji urang Israil nepi ka ngagogoreng jenengan Allah. Seug dideuheuskeun ka Musa

¹¹(24: 10)

¹²bari di jaga sabot ngadago pituduh PANGERAN, kudu dikumahakeun eta jelema teh.

¹³ Ari dawuhan PANGERAN ka Musa,

¹⁴ "Bawa eta jelema ka luareun pasanggrahan. Sakur anu ngadenge ngagogorengna ka Kami kudu numpangkeun leungeun kana hulu eta jelema, tanda ngaenyakeun eta jelema teh salah, geus kitu jelemana baledogan ku sarerea make batu nepi ka paeh.

¹⁵ Urang Israil bere nyaho yen anu ngagogoreng jenengan Allah kudu narima wawales,

¹⁶ dipaehan. Saha bae, boh urang Israil boh nu sejen nu aya di Israil anu ngagogoreng jenengan PANGERAN kudu dibaledogan ku batu ku sajamaah.

¹⁷ Sing saha anu maehan kudu dipaehan.

¹⁸ Sing saha anu maehan pipiaraan batur kudu ngaganti. Sabab hutang nyawa bayar nyawa.

¹⁹ Anu nyacadan batur kudu dicacadan deui.

²⁰ Nu mateuhkeun pateuhan deui, nu mecakan pecakan deui, nu ngompongan ompongan deui. Naon bae kalakuanana anu ngalantarankeun batur jadi ruksak, kudu dibales kitu deui.

²¹ Nu maehan pipiaraan batur sakadar kudu ngaganti, tapi nu maehan jelema mah kudu dipaehan.

²² Ieu hukum teh pikeun maraneh kabeh urang Israil, jeung oge pikeun urang asing

anu caricing di maraneh, karana Kami teh PANGERAN, Allah maraneh."

²³Sanggeus Musa misaur, seug eta jelema teh ku urang Israil dibawa ka luareun pasanggrahan tuluy dibaledogan ku batu nepi ka paeh. Pangandika Allah ka Musa perkara eta ku urang Israil geus dilaksanakeun.

25¹PANGERAN ngandika deui ka Musa di Gunung Sinai,

²supaya anjeunna ngembarkeun ieu pikukuh ka urang Israil. Sanggeus maraneh aya di tanah anu bakal dibikeun ku PANGERAN, unggal-unggal nincak tujuh taun eta tanah teu meunang dipelakan, pikeun ngamulyakeun PANGERAN.

³Jadi digarapna kudu genep taun genep taun, melak gandum melak anggur jeung mangkasna jeung ngala hasilna.

⁴Dina taun katujuhna tanah teh kudu direureuhkeun sama sakali, sarta taun eta kudu disanggakeun ka PANGERAN, lahan-lahan teu meunang dipelakan, pelak anggur teu meunang dipangkas.

⁵Gandum anu jadi sorangan jeung pelak anggur anu henteu dipangkas teu meunang diala. Dina taun eta tanah teh kudu reureuh enya-enya.

⁶Tapi sanajan sataun teu dipelakan oge mo burung mere hasil dahareun keur maraneh, keur jelema-jelema anu dibeuli, keur nu buburuh, keur urang asing nu narumpang,

⁷ keur pipiaraan kitu deui keur sato-sato jarah. Hasilna meunang diala keur dahareun.

⁸ Tiap taun katujuh ku maraneh kudu diitung nepi ka tujuh kali, jadi opat puluh salapan taun.

⁹ Geus kitu dina tanggal sapuluh bulan katujuh, nya eta dina Poe Pangampura Dosa, kudu aya jelema ngideran sakuliah tanah bari niup tarompet.

¹⁰ Taun anu kalima puluh ku maraneh kudu dipeting pikeun ngumumkeun kabebasan ka sakumna pangeusi tanah. Dina sataun eta lamun aya tanah milik anu geus dijual, kudu pulang ka nu boga asalna atawa ka anak incuna. Jelema-jelema anu dibeuli kudu sina marulang ka kulawargana sorangan.

¹¹ Sabab taun anu kalima puluh teh jadi taun mulangkeun. Lahan-lahan teu meunang dipelakan, gandum nu jadi sorangan jeung anggur anu henteu dipangkas teu meunang diala.

¹² Compleng sataun eta jadi taun suci. Keur dahareun maraneh dina taun eta ngan anu asal tina tutuwuhan anu jaradi sorangan.

¹³ Dina taun eta kabeh tanah milik anu geus dijual kudu pulang ka anu boga asalna.

¹⁴ Jadi lamun maraneh jual meuli lahan antara batur sabangsa ulah curang.

¹⁵ Pihargaeunana kudu diijir tina sabaraha kali eta lahan mere hasil di jero saanu taun nepi ka Taun Mulangkeun anu bakal datang.

¹⁶ Beuki loba taunna harga lahanna beuki
luhur, beuki saeutik taunna harga lahanna
beuki handap, sabab anu dijualna teh nya eta
jumlah pihasileun eta lahan.

¹⁷ Jadi ulah ngalicikan batur sabangsa,
masing sarieun ku PANGERAN, Allah maraneh.

¹⁸ Lampahkeun sagala pikukuh jeung sagala
timbalan PANGERAN, supaya maraneh di eta
tanah hirup reujeung lulus mulus.

¹⁹ Tanahna tangtu loba hasilna pikeun
dahareun, sagala aya tur maraneh di ditu teh
bakal mulus rahayu.

²⁰ Meureun aya anu hayang nanya, ti mana
meunang dahareun sapanjang tanah keur teu
dipelakan jeung teu kaala hasilna.

²¹ Ulah salempang! Kalawan berkah
PANGERAN hasil lahan dina taun kagene
bakal lipet ganda, cukup keur dahareun dua
tauneun.

²² Malah hasil panen taun kagene
picukupeun keneh keur dahareun taun
kadalapan, bari nunggu hasil pepelakan taun
eta.

²³ Mun maraneh ngajual lahan ulah dijual
lepas, da eta lahan teh lain anu maraneh tapi
kagungan PANGERAN. Maraneh mah sakadar
katitipan jeung ngan diwidian ngagarap
wungkul.

²⁴ Jadi lamun ngajual lahan kudu
dijentrekeun yen anu bogana aya hak meuli
deui.

²⁵ Lamun aya urang Israil nepi ka jadi miskin kapaksa ngajual lahan, lamun henteu bisaeun nebus kudu dipangnebuskeun ku barayana anu pangdeukeutna.

²⁶ Lamun teu bogaeun baraya nu mangnebuskeun, engke lamun geus aya milikna nepi ka bisa sorangan nebus lahanna,

²⁷ gedena duit panebus ka nu meulina, ngan pikeun taun-taun anu enggeus kajalanan bae, nepi ka Taun Mulangkeun nu bakal datang. Can beak waktu gadean ge tanahna bisa kapimilik deui.

²⁸ Tapi upama teu kuateun bae nebus, lahanna cekel heula ku nu meuli nepi ka Taun Mulangkeun nu bakal datang, geus kitu kudu dipulangkeun.

²⁹ Jelema anu ngajual imah di jero kota anu make kuta, meunang nebus deui imahna sanggeus sataun ti semet ngajualna.

³⁰ Upama dina taun eta henteu katebus, imahna jadi hak milik anu meulina turun tumurun. Jadi dina Taun Mulangkeun eta imah teh teu dipulangkeun.

³¹ Imah-imah di desa-desa anu teu make kuta, eta mah kudu disaruakeun jeung lahan, kudu dibeuli deui ku nu bogana sarta lamun geus nepi ka Taun Mulangkeun bisa kapimilik deui.

³² Pikeun di kota-kota anu geus dimilikkeun ka kaom Lewi, kaom Lewi mah meunang nebus hak milikna iraha bae.

³³ Lamun di kota-kota saperti kitu aya urang Lewi ngajual imah tapi teu bisaeun bae nebus, dina Taun Mulangkeun mah kudu dipulangkeun bae, sabab sakabeh imah nu aya di kota-kota kaom Lewi mah kabeh jadi hak milikna anu tetep di antara bangsa Israil.

³⁴ Tapi tanah-tanah sampalan sakurilingeun kota-kota kaom Lewi mah teu meunang dijual, sabab geus jadi hak milikna salalawasna.

³⁵ Lamun aya sasama urang Israil jadi miskin nepi ka teu bisaeun ngabayuan hirupna, ku maraneh bantu cara ngabantu urang asing atawa nu ngadon, supaya manehna bisa neruskeun hirupna di maraneh.

³⁶ Ulah ngarah naon-naon ti manehna, sing sieun ku Allah keun eta batur teh hirup deukeut maraneh.

³⁷ Lamun nginjeumkeun duit ka manehna ulah make renten. Kitu deui lamun manehna meuli dahareun ti maraneh ulah diarah bat.

³⁸ Kitu timbalan PANGERAN, Allah maraneh anu ngaluarkeun maraneh ti Mesir supaya maratuh di tanah Kanaan, sarta anu geus kersaeun jadi Allah maraneh.

³⁹ Lamun aya dulur sabangsa ngajual maneh ka maraneh bawaning ku malarat, ulah digawekeun kawas ka jelema beulian.

⁴⁰ Bawa cicing di maraneh sina babantu nepi ka Taun Mulangkeun nu bakal datang.

⁴¹ Dina taun eta manehna jeung anak-anakna sina baralik ka kulawargana jeung ka tanah hak milik karuhunna.

⁴² Urang Israil teh kabeh kawula-kawula PANGERAN anu ngaluarkeun maranehna ti Mesir ulah aya anu dijual dijeun jelema beulian.

⁴³ Urang Israil anu ngajual dirina ka maraneh ulah dibengisan, sing sarieun ku Allah maraneh.

⁴⁴ Lamun maraneh butuh badega, meuli ti bangsa sejen bae anu caricing di sakurilingeun maraneh.

⁴⁵ Anak urang asing di tanah maraneh meunang dibeuli. Barudakna anu dijurukeunana di tanah maraneh meunang dijeun hak milik,

⁴⁶ meunang diwariskeun ka anak incu sina ngabadega saumur hirup. Ka dulur sabangsa mah omat ulah ngabengisan.

⁴⁷ Upamakeun aya urang asing anu hirupna di maraneh jadi beunghar, seug aya sasama urang Israil jadi malarat sarta ngajual maneh ka eta urang asing atawa ka salah saurang barayana.

⁴⁸ Sanggeus dibeuli, eta sasama urang Israil teh boga keneh hak pikeun ditebus. Salah saurang dulurna

⁴⁹ atawa pamanna, alona, atawa baraya deukeutna nu sejen, meunang nebus

manehna, atawa jelemana sorangan nebus maneh sangkan bebas, ari sanggupeun mah.

⁵⁰ Manehna jeung anu meulina kudu balitungan, geus sabaraha taun manehna ngagadekeun maneh ka nu meulina nepi ka Taun Mulangkeun. Harga pameuli dirina kudu ditangtukeun nurutkeun reana taun. Hargana kudu disaruakeun jeung upah anu buburuh.

⁵¹ (25: 51-52) Sesa taun anu tacan kajalanan kudu dibalitungkeun sarta ku manehna kudu dibayar.

⁵² (25: 51)

⁵³ Gedena duit anu kudu dibayarkeun deui kudu nurutkeun patokan upah kuli taunan. Salila eta, dununganana teu meunang ngabengisan.

⁵⁴ Upama teu bisa ku jalan kitu, manehna jeung barudakna dibebaskeunana teh kudu nunggu Taun Mulangkeun heula.

⁵⁵ Urang Israil teu meunang dijieun jelema beulian saumur hirup, sabab kabeh geus jadi kawula-kawula PANGERAN anu ngaluarkeun maranehna ti Mesir, anu jadi PANGERAN Allah maraneh.

26¹ PANGERAN nimbalan, "Maraneh ulah nyieun brahala, arca, tugu brahala, atawa ngukir batu keur sesembahan. Kami teh PANGERAN, Allah maraneh.

² Jeung masing gumati ngalakonan poe-poe kaagamaan sarta ajrih ka tempat Kami dibakti. Kami teh PANGERAN.

³Lamun maraneh nurut kana pikukuh-pikukuh jeung timbalan-timbalan Kami,

⁴lahan-lahan maraneh bakal mere hasil, tatangkalanana bakal baruahan sabab tangtu ku Kami dibere hujan unggal usum.

⁵Hasilna bakal mucekil, gandum bakal nyesa nepi ka usum ngala anggur, anggur bakal nyesa nepi ka usum melak deui gandum. Hayang dahareun naon bae bakal aya di dinya tur maraneh tangtu mulus rahayu.

⁶Maraneh di eta tanah ku Kami rek dijieu aman santosa, hees jongjon sepi karisi. Sato-sato galakna rek disina jarauh ka maraneh, tur maraneh moal kungsi nyorang perang.

⁷Sanajan mun kudu ngayonan musuh, maraneh nu bakal unggul.

⁸Maraneh limaan bakal sanggup ngelehkeun musuh saratus. Maraneh saratus urang bakal sanggup ngelehkeun musuh salaksa.

⁹Maraneh rek diberkahan jeung dilobakeun turunan. Kami bakal pageuh kana jangji ka maraneh.

¹⁰Saban maraneh panen bakal mucekil cukup satauneun, malah kapaksa kudu miceun sesa supaya hasil nu anyar kawadahan.

¹¹Kami rek terus nyarengan ti Kemah Kami anu suci, moal ninggalkeun.

¹²Tangtu nyarengan, jadi Allah maraneh sarta maraneh jadi umat Kami.

¹³Kami teh PANGERAN Allah maraneh, anu ngaluarkeun maraneh ti Mesir sangkan bebas tina kumawula ka batur. Bangsa anu tadina ngagencet ka maraneh ku Kami geus diancurkeun, maraneh jadi bebas lugina."

¹⁴PANGERAN nimbalan, "Lamun maraneh ngalawan kana timbalan-timbalan Kami tangtu dihukum.

¹⁵Lamun nolak kana pikukuh-pikukuh jeung timbalan-timbalan Kami, jeung ngarempak perjangjian antara Kami jeung maraneh,

¹⁶ku Kami tangtu disiksa diragragan balahi, dibere panyakit anu moal picageureun, panyakit muriang anu matak lolong nepi ka hirup ge cumah. Mun pepelakan moal kadahar bakal aya nu ngaranjah, batur anu ngadaharna.

¹⁷Kami bakal malik ngalawan ka maraneh nepi ka maraneh eleh ku musuh, bakal dijieun sakama-kama ku batur nu mikageuleuh, bakal pinuh ku kasieun anu pohara, nepi ka taya anu ngudag ge ngabiur kabur.

¹⁸Lamun geus nepi ka kitu maraneh teu nurut keneh, hukumanana rek dilipet tujuh.

¹⁹Kamantangulan maraneh rek diancurkeun, moal dibere hujan, tanah maraneh disina teuas kawas beusi.

²⁰Sanajan tohtohan dipigawe ge moal aya hasilna naon-naon, sabab lahanna geus moal ngabijilkeun hasil sama sakali, pepelakan moal jadi, tatangkalanana moal baruahan.

²¹ Lamun tetep keneh ngaralawan sarta arembung ngagugu ka Kami, hukumanana dilipet tujuh deui.

²² Rek sina didatangan ku sato-sato galak, anak-anak maraneh sina tariwas, pipiaraan maraneh sina beak diamuk, maraneh ngan tinggal saeutik datang ka jalan-jalan saruwung.

²³ Saupama ku siksaan ieu angger keneh henteu ngagarugu, henteu nolih ka Kami,

²⁴ siksaanana rek dijieu tujuh tikeleun ti nu enggeus-enggeus.

²⁵ Ku sabab ngalanggar perjangjian ku Kami rek disiksa ku perang. Najan marubus ka kota-kota tangtu disusul ku pagebug, datang ka maraneh kapaksa kudu nyerah ka musuh.

²⁶ Bekel maraneh ku Kami rek dipendet nepikeun ka hawu sahiji mahi dipake ngasakan dahareun ku sapuluh awewe. Dahareun nepi ka kudu dialas, kitu ge teu matak seubeuh.

²⁷ Lamun geus kitu angger keneh teu malire jeung arembung nurut,

²⁸ Kami tangtu reujeung ambek ngahajar ka maraneh, sarta hukuman maraneh rek dijieu tujuh kalieun ti nu ti heula.

²⁹ Maraneh bakal ngahakan anak sorangan bawaning ku kalaparan.

³⁰ Tempat-tempat maraneh ngabakti di pasir-pasir rek diaduk-aduk, altar-alter parukuyanana rek diremuk-remukkeun,

bangke-bangke maraneh rek dialung-alungkeun sina ninggangan arca-arca brahala sesembahan maraneh. Bakating Kami ijid,

³¹ kota-kota maraneh rek dibalik lemah, tempat-tempat ibadahna rek dibasmi, kurban-kurban maraneh moal ditarima.

³² Tanah maraneh rek ditumpurkeun nepi ka lebur, nepi ka matak ngarenjag musuh-musuh nu di dinya ku ruksak-ruksakna.

³³ Maraneh bakal aya anu ngarurug, tuluy paburisat ka tanah-tanah musuh. Tanah sorangan jadi suwung, kota-kota lebur.

³⁴ (26: 34-35) Geus kitu tanah anu ku maraneh tara pisan diperekeun teh bakal ngaso da geus pada naringgalkeun ka tanah-tanah musuh, reureuhna jongjon.

³⁵ (26: 34)

³⁶ Sanggeus aya di pangboyongan maraneh rek dibibira ku rasa kasieun, ku kalakay ngeresek ku angin ge datang ka ngacir, lumpat tibuburanjat kawas kabur ti medan perang diudag-udag musuh.

³⁷ Euweuh nu ngudag oge nepi ka pateunggar jeung pada batur, jeung moal kuat ka musuh nu mana bae oge.

³⁸ Maraneh bakal paraeh di pangboyongan dicaplukan ku bumi di tanah musuh.

³⁹ Sesana nu tinggal saeutik bakal mudedes, wawales tina dosa maraneh jeung karuhun.

⁴⁰Tapi anak incu maraneh bakal insap, bakal ngaku kana dosana jeung dosa karuhunna anu geus nolak jeung ngalawan ka Kami,

⁴¹nepi ka ku Kami dipiceun ka tanah musuh lantaran Kami kacida jengkelna. Sanggeus anak incu maraneh jadi hina sarta dosa jeung kabasangkalanana geus katebus ku hukuman,

⁴²kakara Kami rek inget deui kana perjangjian reujeung Yakub, Ishak, jeung Ibrahim, sarta eta jangji rek dianyarkeun, nya eta rek mikeun eta tanah ka umat Kami.

⁴³Tapi samemeh eta, tanah teh kudu diberesihkeun heula pangeusina, sina jongjon heula ngareureuh. Ari umat Kami sina nandang heula siksaan lantaran geus nolak pikukuh-pikukuh jeung timbalan-timbalan Kami.

⁴⁴Tapi papadaning kitu ge di nagara musuhna teh ku Kami moal ditinggalkeun kitu bae, jeung moal dibasmi nepi ka beak. Sabab lamun nepi ka kitu jangji Kami ka maranehna tangtu putus. Kami teh PANGERAN Allahna.

⁴⁵Kami rek nganyarkeun deui perjangjian anu bareto diikrarkeun ka karuhunna, basa Kami nembongkeun pangawasa ka bangsa-bangsa, nya eta ngaluuarkeun umat Kami ti Mesir, sangkan Kami PANGERAN jadi Allah maranehna."

⁴⁶ Kitu pikukuh-pikukuh jeung timbalan-timbalan PANGERAN ka Musa di Gunung Sinai pikeun urang Israil.

27 ¹PANGERAN ngandika deui ka Musa,
²ngeunaan pikukuh pikeun urang Israil: Jelema anu geus disanggakeun ka PANGERAN pikeun nedunan nadar, meunang ditebus deui sina bebas.

³(27: 3-7) Pikeun nebusna kudu nurutkeun patokan harga di Kemah PANGERAN: umur leuwih ti 60 taun: lalaki-15 gebleg perak; awewe-10 gebleg perak; antara 20-60 taun: lalaki-50 gebleg perak; awewe-30 gebleg perak; antara 5-20 taun: lalaki-20 gebleg perak; awewe-10 gebleg perak; kurang ti 5 taun: lalaki-5 gebleg perak; awewe-3 gebleg perak.

⁴(27: 3)

⁵(27: 3)

⁶(27: 3)

⁷(27: 3)

⁸Lamun nu nadarna teu kuateun mayar panebus nurutkeun patokan lantaran kacida miskinna, nu rek ditebusna kudu dibawa ka imam sina diturunkeun hargana sangkan ditebus sakadugana bae.

⁹Lamun anu dipake nadar teh sato anu layak dikurbankeun ka PANGERAN, ngingetkeun yen sakur anu geus disanggakeun ka PANGERAN teh sipatna geus suci,

¹⁰ eta sato ku nu boga nadar teu meunang dihilian ku nu sejen. Lamun dihilian, panghilianana oge jadi kagungan PANGERAN.

¹¹ Tapi lamun anu dipake nadarna teh sato haram anu teu layak dikurbankeun ka PANGERAN, satona kudu dibawa ka imam

¹² sina ditaksir pihargaeunana nurutkeun hade gorengna eta sato. Upama ceuk imam hargana sakitu, sakitu.

¹³ Mun rek ditebus kudu dibayar sakitu, ditambah saperlima tina hargana.

¹⁴ Lamun anu dibaktikeun ka PANGERAN teh imah, kudu ditaksir heula pihargaeunana ku imam nilik kaayaan eta imah. Lamun ceuk imam sakitu, sakitu.

¹⁵ Lamun anu nadarna aya niat nebusan, panebusna kudu dibayar sakitu, ditambah saperlima tina hargana.

¹⁶ Lamun anu dibaktikeun ka PANGERAN teh lahan saluwuk, hargana kudu saharga pibiniheun anu bakal dipelak dina eta lahan. Harga pibiniheunana ditangtukeun tiap dua puluh kilo jawawut sapuluhan gebleg perak.

¹⁷ Lamun dibaktikeunana kakara tas Taun Mulangkeun pisan, pihargaeunana tetep sakitu.

¹⁸ Lamun rada lila ti harita, ku imam kudu dipangitungkeun pihargaeunana nurutkeun taun anu bakal kajalanan nepi ka Taun Mulangkeun nu bakal datang, terus diitung sabaraha kurangna.

¹⁹ Lamun anu ngabaktikeunana arek nebusan, kudu mayar sahargana, ditambah saperlimana tina hargana.

²⁰ Lamun memeh ditebus ti PANGERAN geus dijual ka nu sejen, anu bogana leungit hakna pikeun nebus,

²¹ sarta dina Taun Mulangkeun nu engke, lahanna bakal terus jadi kagungan PANGERAN, ragragna ka imam.

²² Lamun anu dibaktikeun ka PANGERAN teh lahan anu geus dibeuli,

²³ pihargaeunana kudu ditaksir ku imam nurutkeun lobana taun nepi ka Taun Mulangkeun nu bakal datang, sarta hargana kudu dibayar harita keneh. Duit pamayarna jadi kagungan PANGERAN.

²⁴ Dina Taun Mulangkeun eta lahan kudu geus mulang ka nu boga tadina atawa ka anak incuna.

²⁵ Unggal imam lamun naksir harga kudu nurutkeun patokan Kemah PANGERAN.

²⁶ Kabeh sato cikal geus jadi kagungan PANGERAN, jadi teu meunang dibaktikeun jadi kurban suka sorangan. Anak sapi, anak domba atawa anak embe, kagungan PANGERAN.

²⁷ Tapi cikal sato haram meunang ditebus deui, harga panebusna kudu nurutkeun patokan harga di Kemah PANGERAN ditambah saperlima. Lamun teu ditebus, meunang

dijual ka saha bae nurutkeun patokan harga di Kemah PANGERAN.

²⁸ Jelema, sato, lahan, lamun dibaktikeunana ka PANGERAN teu make sarat, teu meunang dijual jeung teu meunang ditebus, sabab mutlak jadi kagungan PANGERAN.

²⁹ Kajeun jelema, ari keur dibaktikeunana henteu make kayid naon-naon mah teu meunang dibeuli deui, kudu dipaehan.

³⁰ Sakur hasil bumi naha gandum naha bubuhan, sapersapuluhna geus jadi kagungan PANGERAN.

³¹ Lamun anu bogana hayang nebus kudu mayar nurutkeun patokan harga di Kemah PANGERAN ditambah saperlima tina hargana.

³² Sato piaraan, hiji tina sapuluh geus jadi kagungan PANGERAN. Dina waktu pipiaraan diitung, tiap-tiap tina sapuluh, hiji sanggakeun ka PANGERAN.

³³ Anu bogana teu meunang tataksir palah-pilih nu alus jeung nu goreng, sakatunjukna bae jeung teu meunang dihilian ku nu sejen. Upama nepi ka dihilian, boh nu dihilianana boh panghilianana, duanana bakal jadi kagungan PANGERAN, teu meunang ditebus.

³⁴ Kitu timbalan-timbalan PANGERAN ka Musa di Gunung Sinai, pikeun urang Israil.

Bilangan

1 ¹Dina tanggal hiji bulan kadua, taun kadua ti sanggeus urang Israil budal ti Mesir, PANGERAN nimbalan ka Musa ti Kemah Tepangana-Na di Gurun Keusik Sinai. Timbalana-Na,

²(1: 2-3) "Maneh jeung Harun kudu nyacahkeun urang Israil, nurutkeun kaom jeung wargana masing-masing. Anu geus meujeuhna jadi prajurit, nya eta anu umurna ti semet dua puluh taun ka luhur, kabeh catet ngaranna.

³(1: 2)

⁴Menta dibantu ku kapala ti unggal kaom."

⁵(1: 5-16) Ieu ngaran-ngaranna anu jaradi kapala kaom masing-masing anu dihiras ngabantu Musa jeung Harun: Kaom-Kapala; Rubin-Elisur bin Sedeur; Simeon-Selumiel bin Surisaday; Yuda-Nahson bin Aminadab; Isaskar-Netanel bin Suar; Sebulun-Eliab bin Helon; Epraim-Elisama bin Amihud; Menase-Gamaliel bin Pedasur; Binyamin-Abidan bin Gidoni; Dan-Ahieser bin Amisaday; Aser-Pegiel bin Okran; Gad-Elisap bin Rehuel; Naptali-Ahira bin Enan.

⁶(1: 5)

⁷(1: 5)

⁸(1: 5)

9 (1: 5)

10 (1: 5)

11 (1: 5)

12 (1: 5)

13 (1: 5)

14 (1: 5)

15 (1: 5)

16 (1: 5)

17 Dibantu ku ieu dua welas urang, Musa jeung Harun

18 dina tanggal hiji bulan kadua ngumpulkeun jelema, didaptarkeun nurutkeun rundayan jeung wargana. Sakur anu umurna dua puluh taun ka luhur diitung jeung dicatetkeun ngaranna,

19 sakumaha timbalan PANGERAN.

Didaptarkeunana ku Musa di Gurun Keusik Sinai.

20 (1: 20-46) Kabeh sakur anu umurna geus dua puluh taun atawa leuwih, anu pantes jadi prajurit, ngaranna dicatet nurutkeun kaom jeung wargana, mimiti ti kaom Rubin, putra Yakub anu cikal. Pareleanana kieu: Kaom-Jumlah; Rubin-46.500 urang; Simeon-59.300 urang; Gad-45.650 urang; Yuda-74.600 urang; Isaskar-54.400 urang; Sebulun-57.400 urang; Epraim-40.500 urang; Menase-32.200 urang; Binyamin-35.400 urang; Dan-62.700 urang; Aser-41.500 urang; Naptali-53.400 urang; Jumlah= 603.550 urang.

21 (1: 20)

22 (1: 20)

23 (1: 20)

24 (1: 20)

25 (1: 20)

26 (1: 20)

27 (1: 20)

28 (1: 20)

29 (1: 20)

30 (1: 20)

31 (1: 20)

32 (1: 20)

33 (1: 20)

34 (1: 20)

35 (1: 20)

36 (1: 20)

37 (1: 20)

38 (1: 20)

39 (1: 20)

40 (1: 20)

41 (1: 20)

42 (1: 20)

43 (1: 20)

44 (1: 20)

45 (1: 20)

46 (1: 20)

47 Kaom Lewi henteu bareng didaptarkeun
jeung kaom-kaom sejen.

48 Sabab kieu timbalan PANGERAN ka Musa,

49 "Waktu nyacahkeun anu geus meujeuhna
dijieun prajurit, kaom Lewi ulah diasupkeun.

⁵⁰ Kaom Lewi mah sina ngurus Kemah Tepangan jeung parabotna, purah ngagotong Kemah Tepangan saparabotna katut purah ngalalayananana. Pakemahanana oge kudu sakuriling eta.

⁵¹ Upama maraneh pindah, anu ngaruag Kemah Tepangan jeung masangna deui di pasanggrahan anyar kudu kaom Lewi. Anu sejen, saha bae anu wani deukeut-deukeut ka Kemah Tepangan kudu dipaehan.

⁵² Urang Israil anu lianna, pakemahanana kudu nurutkeun kumbuhanana masing-masing, unggal kumbuhan boga umbul-umbul sorangan, kapalana saurang.

⁵³ Kemah kaom Lewi kudu ngurilingan Kemah Tepangan, pikeun ngajaga nu sejen ulah deukeut-deukeut ka dinya, bisi urang Israil disamber ku bebendu Kami."

⁵⁴ Seug urang Israil ngalampahkeun sakumaha timbalan PANGERAN ka Musa tea.

2¹ PANGERAN ngandika deui ka Musa jeung Harun hal aturan kieu:

² Urang Israil kudu diatur masang pakemahanana. Uggal jelema kudu nurutkeun umbul-umbul pasukan jeung bandera kaomna masing-masing. Pakemahanana kudu dipasang sakurilingeun Kemah Tepangan.

³ (2: 3-9) Pakemahan pasukan umbul-umbul Yuda di beulah wetan, sapasukan-sapasukan katut kapalana masing-masing nya eta:

Kaom-Kapala-Jumlah Prajurit; Yuda-Nahson bin Aminadab-74.600 urang; Isaskar-Netanel bin Suar-54.400 urang; Sebulun-Eliab bin Helon-57.400 urang; Jumlah= 186.400 urang. Lamun maju, balad Yuda anu pangheulana.

⁴ (2: 3)

⁵ (2: 3)

⁶ (2: 3)

⁷ (2: 3)

⁸ (2: 3)

⁹ (2: 3)

¹⁰ (2: 10-16) Pakemahan pasukan umbul-umbul Rubin di beulah kidul, sapasukan-sapasukan katut kapalana masing-masing nya eta: Kaom-Kapala-Jumlah Prajurit; Rubin-Elisur bin Sedeur-46.500 urang; Simeon-Selumiel bin Surisaday-59.300 urang; Gad-Elisap bin Rehuel-45.650 urang; Jumlah= 151.450 urang. Lamun maju, balad Rubin kudu kadua.

¹¹ (2: 10)

¹² (2: 10)

¹³ (2: 10)

¹⁴ (2: 10)

¹⁵ (2: 10)

¹⁶ (2: 10)

¹⁷ Ti dinya, antara pasukan balad kahiji jeung kadua, nya eta aleutan kaom Lewi anu ngagotong Kemah Tepangan. Unggal pasukan balad barisna kudu nurutkeun aturan

pasukan anu diatur di pasanggrahan katut umbul-umbul masing-masing.

¹⁸(2: 18-24) Pakemahan pasukan umbul-umbul Epraim di beulah kulon, sapasukan-sapasukan katut kapalana masing-masing nya eta: Kaom-Kapala-Jumlah Prajurit; Epraim-Elisama bin Amihud-40.500 urang; Menase-Gamaliel bin Pedasur-32.200 urang; Binyamin-Abidan bin Gidoni-35.400 urang; Jumlah= 108.100 urang. Balad Epraim majuna katilu.

¹⁹(2: 18)

²⁰(2: 18)

²¹(2: 18)

²²(2: 18)

²³(2: 18)

²⁴(2: 18)

²⁵(2: 25-31) Pakemahan pasukan umbul-umbul Dan di beulah kaler, sapasukan-sapasukan katut kapalana masing-masing nya eta: Kaom-Kapala-Jumlah Prajurit; Dan-Ahieser bin Amisaday-62.700 urang; Aser-Pegiel bin Okran-41.500 urang; Naptali-Ahira bin Enan-53.400 urang; Jumlah= 157.600 urang. Pasukan balad Dan majuna pangpandeurina.

²⁶(2: 25)

²⁷(2: 25)

²⁸(2: 25)

²⁹(2: 25)

³⁰(2: 25)

³¹ (2: 25)

³² Jumlah urang Israil anu asup kana daptar pasukan-pasukan nurutkeun rombonganana masing-masing aya 603.550 urang.

³³ Kaom Lewi henteu diasupkeun ka dinya, sakumaha timbalan PANGERAN ka Musa.

³⁴ Sagala timbalan PANGERAN ka Musa ku urang Israil dijalankeun. Masanggrahanana, majuna, kabeh nurutkeun umbul-umbul masing-masing, sapasukanana-sapasukanana.

3¹ Ieu turunan Harun jeung Musa basa PANGERAN di Gunung Sinai nimbalan ka Musa.

² Putra Harun opat nya eta: Nadab anu cikal, Abihu, Elasar jeung Itamar.

³ Opatanana geus diistrenan jeung dilisahan jadi imam.

⁴ Tapi Nadab jeung Abihu mah geus teu araya, tariwas waktu nyanggakeun kurban ka PANGERAN di Gurun Keusik Sinai, lantaran ngagunakeun seuneu anu henteu halal. Duanana henteu karagungan putra. Tinggal Elasar jeung Itamar anu jaradi imam waktu Harun jumeneng keneh.

⁵ PANGERAN ngandika deui ka Musa,

⁶ "Kaom Lewi sina ka harareup, diangkat jadi purah babantu ka Imam Harun.

⁷ Sagala pagawean pikeun Kemah Tepangan, sagala kaperluan pikeun imam

jeung sabangsa Israil, jadi kawajiban maranehanana.

⁸ Kitu deui ngurus paparabotan Kemah Tepangan jeung nguruskeun kaperluan urang Israil lianna.

⁹ Ti urang Israil, anu ku Kami dibakukeun pikeun ngalalayanan Harun jeung anak-anakna ngan urang Lewi wungkul.

¹⁰ Tetepkeun ku maneh, kawajiban imam mah ngan Harun jeung anak-anakna bae anu diwenangkeun. Anu sejen, anu wani-wani ngajalankeun kaimaman kudu dipaehan."

¹¹ PANGERAN ngandika deui ka Musa,

¹² (3: 12-13) "Ayeuna urang Lewi jadi boga Kami. Basa Kami maehan sakabeh cikal urang Mesir, cikal-cikal urang Israil mah ku Kami disucikeun pikeun Kami, boh jelema boh sato. Ayeuna pikeun gantina ti sakabeh cikal urang Israil, Kami nyandak urang Lewi pikeun Kami. Kami teh PANGERAN."

¹³ (3: 12)

¹⁴ PANGERAN nimbalan deui ka Musa di Gurun Keusik Sinai,

¹⁵ supaya anjeunna nyacahkeun kaom Lewi, nurutkeun kaom jeung wargana. Barudak lalaki ti umur sabulan atawa leuwih kudu didaptarkeun.

¹⁶ Eta timbalan ku Musa dijalankeun.

¹⁷ (3: 17-20) Anak Lewi tilu: Gerson, Kahat jeung Merari, luluhur kaom anu marake ngaran eta. Anak Gerson dua: Libni jeung

Simei. Anak Kahat opat: Amram, Yishar, Hebron, jeung Usiel. Anak Merari dua: Mahli jeung Musi, anu jadi luluhan warga-warga nu marake eta ngaran.

¹⁸(3:17)

¹⁹(3:17)

²⁰(3:17)

²¹Kaom Gerson nya eta warga Libni jeung warga Simei.

²²Jumlah lalaki ti umur sabulan ka luhur kacatet aya 7.500 urang.

²³Ieu kaom pakemahanana di beulah kulon, tukangeun Kemah Tepangan.

²⁴Kapalana Elisap bin Lael.

²⁵Kawajibana ngurus Kemah Tepangan, ngurus tendana luar jero, ngurus lalangse pantona,

²⁶ngurus lalangse palataranana sabudeur Kemah Tepangan, ngurus altar, jeung ngurus lalangse lawang ka palataran. Sakabeh pagawean anu tumali jeung eta, maranehna anu kawajiban ngurusna.

²⁷Kaom Kahat nya eta warga-warga Amram, Yishar, Hebron, jeung Usiel.

²⁸Jumlah lalakina ti umur sabulan ka luhur aya 8.600 urang.

²⁹Pakemahanana di kiduleun Kemah Tepangan,

³⁰kapalana Elisapan bin Usiel.

³¹Kawajibana ngurus Peti Perjangjian, meja, ajug-ajug lampu, altar-altar,

paparabotan imam paranti Tempat Suci, jeung ngurus lalangse lawang ka Kamar Pangscina. Sagala pagawean anu tumali jeung eta, maranehna anu kawajiban ngurusna.

³²Anu ngapalaan urang Lewi nya eta Imam Elasar putra Harun, ngatur jelema-jelema anu baroga kawajiban di jero Tempat Suci.

³³Kaom Merari nya eta warga-warga Mahli jeung Musi.

³⁴Jumlah lalaki ti umur sabulan ka luhur aya 6.200 urang.

³⁵Pakemahanana di kalereun Kemah Tepangan, dikapalaan ku Suriel bin Abihail.

³⁶Kawajibana ngurus papan-papan dingding Kemah, jaruji-jarujina, tihang-tihangna, tatapakan-tatapakanana, jeung sakur anu patali jeung eta. Sagala pagawean anu tumali jeung eta, maranehna anu kudu ngurusna.

³⁷Jaba ti eta kudu ngurus tihang-tihang katut tatapakanana, pancuh-pancuh katut tambang-tambangna di palataran luar.

³⁸Ari Musa, Harun jeung putra-putrana, kemahna di payuneun Kemah Tepangan, beulah wetan. Kawajiban aranjeunna nya eta ngalaksanakeun upacara-upacara ibadah di Tempat Suci pikeun kapentingan urang Israil. Anu sejen, anu wani-wani pipilueun kana eta kawajiban kudu dipaehan.

³⁹ Jumlah sakabeh lalaki urang Lewi ti umur sabulan ka luhur anu ku Musa didaptarkeun nurutkeun timbalan PANGERAN, ti kabeh rundayan aya 22.000 urang.

⁴⁰ (3: 40-41) PANGERAN ngandika deui ka Musa, "Sakabeh anak cikal urang Israil kagungan Kami. Jadi sakur anak cikal urang Israil anu lalaki, ti umur sabulan ka luhur, kabeh kudu didaptarkeun. Tapi keur gaganti maranehna anu ku Kami dicokot pikeun Kami teh ngan sakabeh urang Lewi. Kami teh PANGERAN! Nya kitu deui ingon-ingon urang Lewi ku Kami dijieu gaganti sakabeh cikal ingon-ingon urang Israil."

⁴¹ (3: 40)

⁴² Prak ku Musa dijalankeun, sakabeh anak cikal lalaki

⁴³ ti umur sabulan ka luhur didaptarkeun, jumlahna aya 22.273 urang.

⁴⁴ PANGERAN nimbalan deui ka Musa,

⁴⁵ "Ayeuna geura sanggakeun ka Kami sakabeh urang Lewi, pikeun gaganti sakabeh anak cikal lalaki urang Israil. Kitu deui sakabeh cikal ingon-ingon urang Lewi sanggakeun ka Kami, pikeun gaganti cikal ingon-ingon urang Israil.

⁴⁶ Ku sabab anak cikal urang Israil anu lalaki leuwih 273 urang ti batan urang Lewi, eta leuwihna ku maneh kudu ditebus,

⁴⁷ saurangna masing-masing lima gebleg uang perak nurutkeun harga patokan di Kemah Kami.

⁴⁸ Duitna serenkeun ka Harun jeung anak-anakna."

⁴⁹ Ku Musa dijalankeun, sarta duitna,

⁵⁰ anu gedena 1.365 gebleg perak,

⁵¹ diserenkeun ka Harun sapala putra.

4 ¹PANGERAN ngandika deui ka Musa,
² miwarang nyatetkeun urang Lewi kaom Kahat, kaom-kaomna, warga-wargana,
³ ti semet umur tilu puluh nepi ka lima puluh taun, anu pantes pikeun digawekeun di Kemah Tepangan.

⁴ Pagaweanana nya eta ngurus barang-barang anu pangSucina.

⁵ Ti dinya PANGERAN ngandikakeun ieu aturan ka Musa: Lamun pasanggrahan rek pindah, Harun sapala putra kudu ka jero Kemah, nurunkeun lalangse anu mindingan Peti Perjangjian, tuluy kudu dipake ngarurub eta peti.

⁶ Geus kitu kudu ditutupan ku kulit lemes sarta saterusna kudu diruruban ku lawon biru, tuluy petina kudu dicorok ku rancatan.

⁷ Meja paranti neundeun roti haturan PANGERAN kudu ditaplakan ku taplak biru. Piring-piring, pinggan-pinggan wadah dupa, pinggan-pinggan paranti kurban, kendi-kendi anggur kurban, teundeunan di dinya. Dina eta meja salawasna kudu aya roti haturkeuneun.

⁸Eta kabeh tutup ku lawon beureum, tutupan deui ku kulit lemes, tuluy corok mejana ku rancatan dina parantina.

⁹Ajug-ajug lampu, lampu-lampu, cacapit-cacapit, cepuk-cepuk, jeung wadah-wadah minyak jetun, bungkus ku lawon biru.

¹⁰Eta ajug-ajug jeung parabot-parabotna kudu ditutupan ku kulit lemes, tuluy kudu diteundeun kana gotongan.

¹¹Geus kitu altar emas kudu ditutupan ku lawon biru, tuluy ku kulit lemes, altarna tuluy corok ku rancatan.

¹²Pakakas-pakakas paranti Tempat Suci kudu dibungkus ku lawon biru, tuluy ku kulit lemes, terus teundeun kana gotongan.

¹³Lebu gemuk tina altar kudu dikeduk, altarna tutupan ku lawon wungu.

¹⁴Sagala pakakas kaperluan altar, piring-piring wadah seuneu, pangrojok, panyodok, jeung jambangan-jambangan, teundeunan dina luhur eta altar, tutupan ku kulit lemes, tuluy altarna corok ku rancatan.

¹⁵Dina waktuna pasanggrahan indit, eta barang-barang suci digotongna kudu ku kaom Kahat. Kitu soteh lamun eta paparabotan geus tarapti kabeh dibungkusanana ku Harun sapala putra. Kaom Kahat teu meunang cubuk-cabak kana eta barang-barang suci, sabab tangtu tiwas. Kitu kawajiban kaom Kahat lamun Kemah Tepangan dipindahkeun.

¹⁶Ari Imam Elasar putra Harun, kawajibana ngurus Kemah sagemblengna, ngaminyakan lampu-lampu, ngurus padupaan, ngurus kurban gandum, ngurus minyak suci jeung sagala rupa anu aya di jero Kemah Tepangan, anu enggeus disucikeun haturan PANGERAN.

¹⁷PANGERAN ngandika deui ka Musa jeung Harun,

¹⁸"Kahade, kaom Kahat

¹⁹ulah deukeut-deukeut kana barang-barang suci supaya ulah tiwas. Sangkan ulah nepi ka kajadian kitu, Harun jeung anak-anakna kudu ngatur heula eta barang-barang di jero Kemah Tepangan. Lamun geus beres dibungkusana, kakara jalma-jalma kaom Kahat diatur sacabakna-sacabakna nu mana gotongeunana.

²⁰Sabab lamun maranehna asup ka jero Kemah Tepangan memeh beres sarta heug narenjo eta parabot-parabot suci bawaeun pindah keur diuruskeun keneh ku imam-imam, tangtu tariwas."

²¹PANGERAN ngandika deui ka Musa,

²²miwarang nyatetkeun urang Lewi kaom Gerson sakaomna sawargana,

²³jeung nyatet anu umurna ti tilu puluh nepi ka lima puluh taun, anu nyumponan sarat pikeun digawekeun di Kemah Tepangan.

²⁴Anu baris jadi kawajibana nya eta ngurus ieu barang-barang:

²⁵Kemah, tenda luar, tenda jero, kulit lemes tutup puncak Kemah, lalangse lawang asup,

²⁶reregan jeung tali-talina anu di palataran sakuriling Kemah jeung altar, lalangse lawang asup ka palataran, jeung sagala rupa anu aya patalina jeung eta barang-barang. Sagala urusan anu tumali jeung eta, maranehna anu kudu ngurusna.

²⁷Musa jeung Harun kudu ngajaga supaya kaom Gerson ngalampahkeun eta kawajiban jeung nadah parentah Harun sapala putra.

²⁸Eta sagala kawajiban kaom Gerson di jero Kemah dikapalaan ku Imam Itamar putra Harun.

²⁹PANGERAN ngandika deui ka Musa, miwarang nyatetkeun urang Lewi ti kaom Merari, nurutkeun wargana masing-masing.

³⁰Jeung kudu nyatet anu umurna ti tilu puluh nepi ka lima puluh taun, anu nyumponan sarat pikeun digawekeun di Kemah Tepangan.

³¹Anu baris jadi kawajibana nya eta ngurus papan-papan dingding Kemah, jaruji-jarujina, tihang-tihangna jeung tatapakan-tatapakanana,

³²pancuh-pancuh jeung tambang-tambangna anu di palataran sakuriling Kemah, jeung sakur anu aya patalina jeung eta. Kawajibana masing-masing aya bagianana sorangan.

³³ Kitu kawajiban kaom Merari di Kemah Tepangan, dikapalaan ku Imam Itamar putra Harun.

³⁴ (4: 34-48) Luyu jeung timbalan PANGERAN, Musa, Harun, jeung para kokolot umat, nyacahkeun urang Lewi anu tilu kaom, nya eta kaom Kahat, kaom Gerson, jeung kaom Merari. Ku aranjeunna didaptar anu umurna ti tilu puluh nepi ka lima puluh taun, anu nyumponan sarat pikeun digawekeun di Kemah Tepangan. Hasilna: Kaom-Jumlah; Kahat-2.750 urang; Gerson-2.630 urang; Merari-3.200 urang; Jumlah= 8.580 urang.

³⁵ (4: 34)

³⁶ (4: 34)

³⁷ (4: 34)

³⁸ (4: 34)

³⁹ (4: 34)

⁴⁰ (4: 34)

⁴¹ (4: 34)

⁴² (4: 34)

⁴³ (4: 34)

⁴⁴ (4: 34)

⁴⁵ (4: 34)

⁴⁶ (4: 34)

⁴⁷ (4: 34)

⁴⁸ (4: 34)

⁴⁹ Jelema-jelema teh didaptarkeun sakumaha timbalan PANGERAN ka Musa. Unggal jelema kudu sina tanggung jawab kana kawajibana masing-masing, naon anu

kudu dipigawe, naon anu kudu digotong. Kitu timbalan PANGERAN ka Musa.

5 ¹PANGERAN ngandika deui ka Musa,
²"Parentahkeun ka urang Israil supaya jelema anu boga kasakit lepra atawa kasakit bengang, atawa anu antel kana bangke, kudu dikaluarkeun ti pasanggrahan.

³Sakur anu kaayaanana najis saperti kitu sina kaluar, supaya ieu pasanggrahan tempat Kami di maraneh ulah kanajisan."

⁴Urang Israil narurut, sakur anu kaayaanana najis dikaluarkeun ti pasanggrahan.

⁵PANGERAN maparinkeun ieu aturan ka Musa,

⁶pikeun urang Israil: Lamun aya anu henteu satia ka PANGERAN lantaran ngarugikeun batur,

⁷kudu ngaku kana kasalahana sarta karugian baturna tea kudu dibayarkeun deui sajenisna ditambah saperlimana.

⁸Upama baturna tea geus maot tur teu aya baraya deukeutna, duit pamayar karugian teh kudu diserenkeun ka PANGERAN pikeun imam. Kajaba ti eta kudu ditambah ku domba jalu pikeun upacara mupus kasalahana.

⁹Naon bae pangbakti urang Israil ka PANGERAN anu diserenkeun ka imam, eta keur imam.

¹⁰Jadi sagala pangbakti anu diserenkeun ka imam, keur imam.

¹¹PANGERAN ngandika deui ka Musa,

¹² (5: 12-14) maparinkeun ieu aturan keur urang Israil: Bisa jadi aya salaki anu curiga ka pamajikanana. Nyangka pamajikanana serong jeung geus nganajiskeun diri jinah jeung lalaki sejen. Tapi teu bisa mastikeun, lantaran kalakuan pamajikanana tea rikip tur teu aya saksi, sarta henteu kaperego. Atawa hiji salaki teu pupuguh timburuan ka pamajikanana, padahal pamajikanana teh teu serong teu naon.

¹³ (5: 12)

¹⁴ (5: 12)

¹⁵ Dina hal saperti kitu, eta salaki kudu mawa pamajikanana ka imam bari mawa tipung tarigu sakilo pikeun kurban, tipungna ulah dikucuran minyak jetun jeung ulah diteundeunan dupa, sabab eta mah kurban ti hiji salaki anu timburuan, pikeun ngabuktikeun hal anu sabenerna.

¹⁶ Awewena ku imam kudu dibawa ka hareupeun altar sina nangtung di dinya.

¹⁷ Imam kudu nyicikeun cai suci kana hiji paso, cemplungan taneuh sacolek tina dasar Kemah supaya jadi pait.

¹⁸ Udar buuk eta awewe ku imam sina ngarumbay, tipung kurban tea sina dicekel ku leungeunna. Paso eusi cai anu geus jadi pait jeung geus ngandung panyapa, cekel ku imam.

¹⁹ Geus kitu awewena sina ngaregepkeun ucapan anu diikrarkeun ku imam, anu kieu

pokpokanana, "Lamun maneh henteu jinah, panyapa anu dikandung ku ieu cai suci moal teurak ka maneh.

²⁰ Sabalikna lamun maneh jinah,

²¹ demi kersaning PANGERAN, maneh masing jadi sasapaan di antara umat Mantenna. Ieu cai sing matak bareuh beuteung, sing matak murungkut puju pingping.

²² Ieu cai masing muhit dina peujit, sing ngabareuhkeun beuteung, sing murungkutkeun puju pingping maneh."

Awewe tea kudu ngahaminan, "Amin, demi PANGERAN, sing kabuktian."

²³ Geus kitu eta panyapa teh ku imam kudu dituliskeun, tuluy kucekkeun kana cai pait tea.

²⁴ Samemeh eta cai suci diinumkeun ka eta awewe, anu bisa jadi bakal nimbulkeun kanyeri luar biasa,

²⁵ tipung pikurbanneun anu dicekel ku eta awewe tea cokot ku imam, tuluy unjukkeun ka PANGERAN, teundeun dina altar.

²⁶ Cokot sakeupeul terus beuleum di dinya, tanda yen enggeus dikurbankeun. Geus kitu awewe teh sina nginum eta cai panyapa.

²⁷ Upama enya manehna jinah, bakal ngarasa nyeri luar biasa, beuteungna jadi bareuh, puju pingpingna jadi murungkut. Ngaranna bakal jadi sasapaan di kalangan bangsana.

²⁸Tapi saupama manehna taya dosana, moal kua-kieu sarta bakal bisa boga anak.

²⁹(5: 29-30) Kitu pikukuhna upama aya salaki nu curiga jeung timburuan, nyangka pamajikanana geus jinah. Awewena sina nangtung hareupeun altar, imam ngajalankeun upacarana.

³⁰(5: 29)

³¹Ari salakina mah henteu kabawa salah. Sabalikna pamajikanana, lamun enya salah, kitu pitemaheunana.

6 ¹PANGERAN ngandika deui ka Musa, ²ngandikakeun ieu pikukuh pikeun urang Israil: Lalaki atawa awewe anu ikrar panadaran seja ngawulakeun dirina ka PANGERAN jadi Nasir,

³henteu meunang nginum anggur atawa inuman keras. Henteu meunang nginum inuman naon bae anu asalna tina buah anggur atawa ngadahar buahna atawa kismisna.

⁴Sapanjang jadi keneh Nasir teu meunang ngadahar naon bae anu tina buah anggur, kulitna atawa sikina ge teu meunang.

⁵Sapanjang jadi Nasir teu meunang dicukur. Dirina geus kabeungkeut ku ikrar seja ngawulakeun diri ka PANGERAN tepi ka beak waktuna. Sapanjang kitu buukna jeung janggotna kudu diantep manjangan.

⁶(6: 6-7) Buukna teh jadi ciri kumawulana ka Allah. Jeung sapanjang kitu ulah nganajiskeun maneh deukeut-deukeut kana mayit, kajeun

mayit bapana atawa indungna, dulurna lalaki atawa awewe.

⁷ (6: 6)

⁸ Sabab sapanjang jadi Nasir, dirina geus dibaktikeun jadi kawula PANGERAN.

⁹ Upama nepi ka kajadian kungsi padeukeut jeung nu maot lantaran maotna ngadadak, nepi ka matak najis kana buuk Nasirna, heuleut tujuh poe ti saentasna, sirahna jeung janggotna kudu dikerik masing beresih, supaya dirina beresih deui.

¹⁰ Isukna, dina kadalapan poena kudu nepungan imam di lawang Kemah Suci, mawa dua manuk japati atawa tikukur.

¹¹ Manuk anu hiji ku imam kudu dijieun kurban dosa, anu hiji deui kurban beuleuman, jadi sarat nyucikeun diri tina kanajisan paantel jeung mayit. Jadi dina poe eta buukna teh disucikeun deui,

¹² sarta waktu Nasirna dibaktikeun deui ka PANGERAN. Waktu kumawulana anu enggeus kalakonan mah dibatalkeun bae, sabab geus kanajisan. Kasalahana kudu ditebus ku anak domba anu umur sataun, dijieun kurban kasalahana.

¹³ Lamun waktuna jadi Nasir geus tamat kalakonan sakumaha panadarana, kudu nyieun upacara. Manehna kudu ka lawang Kemah Suci,

¹⁴ ngahaturkeun tilu rupa sato kurban anu mulus ka PANGERAN, nya eta: hiji

anak domba jalu umur sataun keur kurban beuleuman, hiji domba bikang keur kurban dosa, jeung hiji domba jalu keur kurban panarima.

¹⁵ Jaba ti eta kudu ngahaturkeun roti anu teu diragian sakaranjang, anu karandel, tina tipung anu diadonan ku minyak jetun, jeung anu aripis anu diulasan ku minyak jetun, kitu deui kurban gandum jeung anggur.

¹⁶ Imam nyanggakeun eta kabeh ka PANGERAN, tuluy metakeun kurban pamupus dosa jeung kurban beuleuman.

¹⁷ Domba jaluna kurbankeun ka PANGERAN jieun kurban panarima, barengkeun jeung roti anu sakaranjang tea. Kurban kadaharan jeung kurban inuman oge sanggakeun.

¹⁸ Nasirna kudu ngagundulan sirah di lawang Kemah Suci, buukna teundeun dina luhur kurban panarima anu keur dibeuleum.

¹⁹ Pingping hareup domba tea ku imam kudu dikulub, tuluy jait sina ditampanan ku eta Nasir jeung rotina anu kandel sasaki, anu ipis sasaki, tina karanjang.

²⁰ Saterusna ku imam kudu diunjukkeun ka PANGERAN jadi kurban ajang imam sarta sipatna geus suci. Dada domba jeung pingping tukangna oge keur imam sakumaha ceuk pikukuhna. Sanggeus eta, Nasirna meunang nginum anggur.

²¹ Kitu pikukuhna hal Nasir, jaba ti anu geus diikrarkeun dina panadarana, sabab sagala

anu diikrarkeun dina panadaranana tea kudu ditekanan kabeh.

²²PANGERAN ngandika deui ka Musa

²³hal ucapan berkah anu kudu dilisankeun ku Harun jeung putrana ari keur ngaberkahane urang Israil, kieu:

²⁴Mugia maraneh ku PANGERAN dirahmat sarta diraksa.

²⁵Mugia maraneh ku PANGERAN dipiwelas jeung dipaparin kurnia.

²⁶Mugia maraneh ku PANGERAN digalih jeung dijamugakeun.

²⁷Sarta kieu timbalan PANGERAN:

"Saupama dina ucapan berkah pikeun urang Israil jenengan kami disebut, tangtu Kami ngamakbul."

7 ¹Sanggeus Musa beres ngadegkeun Kemah Tepangan, poe eta keneh eta Kemah Suci teh ku anjeunna diresmikeun, diminyakan ku minyak suci katut sagala paparabotanana, kitu deui altarna sapuratina.

²Ti dinya para kapala urang Israil, nya eta para pamingpin kaom-kaom anu ditugaskeun kudu nyacahkeun tea,

³nyaranggakeun pangbakti ka PANGERAN, padati genep jeung sapi dua welas; tiap dua urang pamingpin hiji padati, sarta saurangna masing-masing hiji sapi. Sanggeus kabeh disanggakeun ka PANGERAN,

⁴PANGERAN nimbalan ka Musa,

⁵"Tarima eta pangbakti, gunakeun pikeun kaperluan pagawean anu kudu dipigawe di ieu Kemah. Serenkeun ka urang Lewi sing luyu jeung pigaweeun maranehanana masing-masing."

⁶Seug eta padati-padati eusi sapi teh ku Musa diserenkeun ka urang Lewi:

⁷Dua padati jeung opat sapi diserenkeun ka urang Gerson,

⁸opat padati jeung dalapan sapi diserenkeun ka urang Merari. Sagala pigaweeun maranehna diaturna ku Itamar putra Harun.

⁹Urang Kahat ku Musa henteu diserenan padati teu diserenan sapi, sabab maranehna mah kabagian ngurus jeung nanggung barang-barang suci dina taktakna.

¹⁰Jeung deui para pamingpin teh nyaranggakeun kurban pikeun ngaresmikeun altar. Sanggeus maranehna tarapti rek prak nyanggakeun pangbaktina kana altar,

¹¹PANGERAN nimbalan ka Musa, "Bejakeun ka maranehna, salila dua welas poe saban poe kudu aya hiji pamingpin anu nyanggakeun pangbakti pikeun ngaresmikeun altar."

¹²(7:12-83) Seug giliran anu kudu nyanggakeun kurban-kurban teh ku maranehna diatur. Kieu: Poe-Giliran Kaom-Pamingpinna; Ka-1-Yuda-Nahson bin Aminadab; Ka-2-Isaskar-Netanel bin Suar; Ka-3-Sebulun-Eliab bin Helon; Ka-4-Rubin-Elisur bin Sedeur; Ka-5-Simeon-

Selumiel bin Surisaday; Ka-6-Gad-Elisap bin Rehuel; Ka-7-Epraim-Elisama bin Amihud; Ka-8-Menase-Gamaliel bin Pedasur; Ka-9-Binyamin-Abidan bin Gidoni; Ka-10-Dan-Ahieser bin Amisaday; Ka-11-Aser-Pegiel bin Okran; Ka-12-Naptali-Ahira bin Enan.

Kurban-kurban anu ku masing-masing kudu dibaktikeun teh sarua, nya eta: hiji baki perak anu beuratna 1,5 kilogram, hiji bokor perak anu beuratna 800 gram, timbanganana nurutkeun patokan Kemah PANGERAN.

Duanana dieusi tipung sapinuhna campur minyak jetun, pikeun kurban kadaharan, hiji pisin emas anu beuratna 110 gram, pinuh ku seuseungitan, hiji sapi jalu, hiji domba jalu, hiji anak domba umur sataun keur kurban beuleuman, hiji embe keur kurban pamupus dosa. Tuluy dua sapi jalu, lima domba jalu, lima embe jalu, jeung lima anak domba anu umur sataunan keur kurban panarima.

13 (7:12)

14 (7:12)

15 (7:12)

16 (7:12)

17 (7:12)

18 (7:12)

19 (7:12)

20 (7:12)

21 (7:12)

22 (7:12)

23 (7:12)

24 (7:12)

25 (7:12)

26 (7:12)

27 (7:12)

28 (7:12)

29 (7:12)

30 (7:12)

31 (7:12)

32 (7:12)

33 (7:12)

34 (7:12)

35 (7:12)

36 (7:12)

37 (7:12)

38 (7:12)

39 (7:12)

40 (7:12)

41 (7:12)

42 (7:12)

43 (7:12)

44 (7:12)

45 (7:12)

46 (7:12)

47 (7:12)

48 (7:12)

49 (7:12)

50 (7:12)

51 (7:12)

52 (7:12)

53 (7:12)

54 (7:12)

55 (7:12)

56 (7:12)

57 (7:12)

58 (7:12)

59 (7:12)

60 (7:12)

61 (7:12)

62 (7:12)

63 (7:12)

64 (7:12)

65 (7:12)

66 (7:12)

67 (7:12)

68 (7:12)

69 (7:12)

70 (7:12)

71 (7:12)

72 (7:12)

73 (7:12)

74 (7:12)

75 (7:12)

76 (7:12)

77 (7:12)

78 (7:12)

79 (7:12)

80 (7:12)

81 (7:12)

82 (7:12)

83 (7:12)

84 (7:84-88) Jumlah lobana pangbakti
ti dua welas urang pamingpin pikeun

kaperluan-kaperluan altar nya eta: - dua welas pinggan perak jeung dua welas baskom perak, beuratna kabeh 27,6 kilogram; - dua welas pisin emas, beuratna kabeh aya 1,32 kilogram, parinuh ku seuseungitan; - dua welas sapi jalu, dua welas domba jalu, dua welas anak domba umur sataunan, kitu deui pikeun kurban-kurban kadaharan jeung pikeun kurban-kurban panarima; - dua welas embe keur kurban dosa; - dua puluh opat sapi jalu, genep puluh domba jalu, genep puluh embe, genep puluh anak domba umur sataunan keur kurban panarima.

⁸⁵ (7: 84)

⁸⁶ (7: 84)

⁸⁷ (7: 84)

⁸⁸ (7: 84)

⁸⁹ Ari Musa, tiap-tiap lebet ka jero eta Kemah seja miunjuk ka PANGERAN, sok ngadangu PANGERAN nimbalan ka anjeunna tina luhureun tutup Peti Perjangjian di antara dua jangjang mumukarabinan.

8 ¹PANGERAN ngandika deui ka Musa,
²"Bejakeun ka Harun, lampu-lampu teh pasang dina ajugna, atur supaya caangna ka beulah hareup."

³Seug lampu-lampu teh ku Harun disanghareupkeun kana ajugna.

⁴Eta ajug lampu ti puhi nepi ka congora mangrupa emas ketokan, direkana nurutkeun

conto anu ku PANGERAN ditembongkeun ka Musa tea.

⁵ PANGERAN ngandika deui ka Musa,

⁶ "Jelema-jelema urang Lewi kudu dipetel ti urang Israil lianna tuluy sucikeun.

⁷ Kieu aturanana: Kepretan ku cai suci, tuluy sina ngerik bulu awakna jeung sina nyareuseuhan pakean. Sanggeus kitu maranehna jadi beresih.

⁸ Tuluy sina nyarererenkeun hiji sapi jalu anu ngora keneh jeung tipung anu diadonan ku minyak jetun keur kurban kadaharan; ari maneh kudu nyokot hiji sapi jalu keur kurban dosa.

⁹ Ti dinya bangsa Israil kumpulkeun, urang Lewi sina narangtung hareupeun Kemah Kami.

¹⁰ Urang Israil sina narumpangkeun leungeunna kana sirah urang Lewi.

¹¹ Tuluy sanggakeun eta jelema-jelema ka Kami, ku Harun, jadi pangbakti ti urang Israil ka Kami, pikeun ngajalankeun gawe ti Kami.

¹² Geus kitu urang Lewi sina narumpangkeun leungeun kana sirah dua sapi tea; sapina peuncit, hiji keur kurban dosa, hiji keur kurban beuleuman, pikeun sarat nyucikeun urang Lewi.

¹³ Urang Lewi kudu dihususkeun pikeun Kami, sarta kudu dititah ngalalayanan Harun jeung anak-anakna.

¹⁴ Kitu petana urang Lewi dipetel ti urang Israil lianna keur Kami.

¹⁵ Sanggeus ku maneh disucikeun, urang Lewi manjing sarat pikeun ngajalankeun gawe di Kemah Kami.

¹⁶ Maranehna ku Kami dijieu gaganti anak cikal di sakumna bangsa Israil, jadi hak milik Kami pribadi.

¹⁷ Basa Kami di Mesir maehan sakabeh cikal lalaki, cikal-cikal urang Israil kitu deui cikal-cikal ingon-ingon ku Kami dijadikeun hak milik.

¹⁸ Ayeuna Kami nyandak urang Lewi pikeun gaganti sakabeh cikal lalaki urang Israil.

¹⁹ Maranehna ku Kami diserenkeun ka Harun jeung anak-anakna jadi pangbakti ti urang Israil, pikeun digarawekeun di Kemah Kami, nalangan bangsa Israil, pikeun nyegah sangkan urang Israil ulah cilaka lamun deukeut-deukeut ka ieu Kamar Suci."

²⁰ Seug urang Lewi teh ku Musa, ku Harun, jeung ku bangsa Israil dibaktikeun sakumaha timbalan PANGERAN ka Musa.

²¹ Urang Lewi kabeh susuci, nyareuseuhan pakean, tuluy ku Harun disanggakeun ka PANGERAN sarta disucikeun sakumaha mistina.

²² Sagala rupa timbalan PANGERAN ka Musa perkara urang Lewi ku sakumna bangsa Israil dilampahkeun. Sakabeh urang Lewi enggeus manjing sarat pikeun ngajalankeun gawe

di Kemah PANGERAN, dikapalaan ku Harun jeung putra-putrana.

²³ PANGERAN ngandika deui ka Musa,

²⁴ "Sakur urang Lewi ti semet umur dua puluh taun wajib digawe di Kemah Kami,

²⁵ eureun-eureun sanggeus umur lima puluh taun.

²⁶ Sanggeusing kitu ari daek mah ngabantuan gawe ka baturna heug bae, tapi lain ku karana wajib. Kitu pikukuhna hal kawajiban urang Lewi."

9 ¹ Dina bulan kahiji taun kadua ti barang urang Israil budal ti Mesir, PANGERAN ngandika ka Musa di Gurun Keusik Sinai. Pangandika-Na,

² (9: 2-3) "Dina tanggal opat welas bulan ieu, sasurupna panonpoe, sakumna bangsa Israil kudu ngalakonan Paska, prakprakanana kudu nurutkeun aturan jeung pikukuhna."

³ (9: 2)

⁴ Seug Musa marentahkeun sangkan urang Israil ngalakonan Paska.

⁵ Tuluy ku maranehna dilampahkeun di Gurun Keusik Sinai dina tanggal opat welas bulan kahiji, sasurupna panonpoe. Sagala rupa timbalan PANGERAN ka Musa ditarurut.

⁶ Aya sawatara jelema anu kanajisan lantaran nyabak mayit, jadi henteu meunang marilu ngalakonan Paska. Seug ngadareuheus ka Musa jeung Harun

⁷ sarta arunjukan, "Nun, abdi-abdi teh keur kanajisan, nyabak mayit. Nanging piraku dugi ka teu kenging ngiring nyanggakeun kurban ka PANGERAN sapertos nu sanes?"

⁸ Waler Musa, "Ke heulaanan urang taroskeun ku bapa ka PANGERAN."

⁹ PANGERAN nimbalan ka Musa,

¹⁰ pikeun urang Israil, timbalana-Na, "Sing saha bae, maraneh atawa anak incu, anu keur kanajisan lantaran nyabak mayit, atawa keur di satengahing perjalanan jauh, lamun hayang ngalakonan Paska,

¹¹ meunang, tapi kudu sabulan sanggeusna, nya eta dina maleman tanggal opat welas bulan kadua, pabuburit. Pek lampahkeun dina waktu eta, dahar domba Paska jeung roti teu diragi jeung lalab pait.

¹² Dahareunana teu meunang aya anu disesakeun nepi ka poe isukna, sarta tulang-tulangna ulah aya anu dipotongkeun. Ngalakonan Paska kudu nurutkeun sakabeh pikukuhna.

¹³ Sabalikna, sing saha anu henteu keur kanajisan, atawa keur henteu di satengahing perjalanan, heug henteu ngalakonan Paska, moal diaku deui umat Kami, sabab henteu ngahaturkeun kurban ka Kami, padahal enggeus waktuna. Eta kitu teh dosa sarta bakal aya balukarna.

¹⁴ Saupama aya jelema lain urang Israil anu cicing di Israil hayang milu ngalakonan

Paska, meunang, sarta prakprakanana kudu luyu jeung aturan katut pikukuhna. Sabab aturanana teh pikeun sakabeh jelema boh pribumi boh lain pribumi."

¹⁵(9: 15-16) Sanggeus Kemah PANGERAN beres diadegkeun, dina poeanana keneh aya mega turun nyimbutan eta Kemah. Ari ti peuting eta mega teh siga hurung kawas seuneu, kitu bae salawasna.

¹⁶(9: 15)

¹⁷Lamun eta mega unggah, eta tanda yen urang Israil kudu bobongkar pasanggrahan pikeun pindah tempat nuturkeun eta mega, di mana turunna di dinya masanggrahanana.

¹⁸Boh bobongkarna boh masanggrahanana deui salawasna kudu kalawan timbalan PANGERAN. Sapanjang eta mega nyimbutan keneh Kemah PANGERAN, pasanggrahan urang Israil kudu tetep di tempatna.

¹⁹Lamun mega tea unggah tapi tetep ngagantung luhureun Kemah PANGERAN sawatara lilana, urang Israil kudu tetep ngajaraga kawajibana ka PANGERAN, acan prak parindah.

²⁰Tempo-tempo eta mega teh ngagantungna di luhureun eta Kemah ngan sababaraha poe bae. Sajeroning kitu urang Israil teh nahe kudu pindah atawa henteu, kudu kumaha timbalan PANGERAN.

²¹Sakapeung eta mega teh aya di luhureun Kemah Suci ngan ti sareupna nepi ka isuk,

terus unggah, sarta urang Israil kudu pindah harita keneh. Iraha bae eta mega unggahna, urang Israil kudu terus pindah.

²²Ari eta mega tacan unggah mah sarta tetep keneh ngagantung luhureun Kemah Suci, naha dua poe, naha sabulan, atawa sataun atawa leuwih, maranehna tetep bae di tempatna. Pindah-pindah lamun eta mega geus unggah.

²³Masanggrahanana jeung arinditna ti pasanggrahan teh nurutkeun sakumaha timbalan PANGERAN ka Musa tea.

10 ¹PANGERAN ngandika deui ka Musa,
²"Kudu nyieun dua tarompet tina perak ketokan pikeun nyalukan jelema-jelema sina karumpul, jeung pikeun tangara kudu ngaruag pasanggrahan.

³Upama ditiup duanana sarta sorana panjang, hartina jalma-jalma kudu kumpul kabeh ka maneh di hareupeun lawang ka Kemah Kami.

⁴Upama ditiup hiji bae, hartina anu kudu kumpul teh ngan para pamingpin kaom wungkul.

⁵Sora pondok tangara kaom-kaom beulah wetan kudu indit.

⁶Lamun sora pondok ditiup kadua kalina, tangara pasukan beulah kidul kudu indit. Jadi soara anu parondok teh tangara umat kudu arindit,

⁷ari sora panjang tangara kudu karumpul.

⁸Tarompet ditiupna kudu ku imam, anak-anak Harun. Kitu aturan anu kudu diturut salilana.

⁹Saupama engke tanah maraneh katarajang perang, geusan ngabela diri ti musuh anu ngarurug, eta dua tarompet tiup geusan tangara ngahucuhkeun jurit. Kami, PANGERAN Allah maraneh tangtu baris nulungan nyalametkeun maraneh ti leungeun musuh.

¹⁰Kitu deui dina musim-musim kasukaan, dina Pesta Bulan Anyar, jeung dina pesta-pesta kaagamaan lianna, ana maraneh nyaranggakeun kurban beuleuman jeung kurban panarima, eta dua tarompet kudu ditiup. Tan wande Kami mere pitulung ka maraneh. Kami teh PANGERAN Allah maraneh."

¹¹Dina tanggal dua puluh bulan kadua taun kadua ti barang urang Israil budal ti Mesir, mega luhureun Kemah PANGERAN teh unggah.

¹²Seug urang Israil nungtutan arindit ninggalkeun Gurun Keusik Sinai. Ari mega tea ngarandeg di palebah tanah gurun Paran.

¹³Mimiti arinditna teh kalawan timbalan PANGERAN ka Musa,

¹⁴sarta saban waktu indit aturanana sarua. Anu maju pangheulana nya eta aleutan pasukan umbul-umbul pingpinan kaom Yuda,

sapasukan-sapasukan, dikapalaan ku Nahson bin Aminadab.

¹⁵ Netanel bin Suar ngapalaan aleutan kaom Isaskar,

¹⁶ Eliab bin Helon ngapalaan aleutan kaom Sebulun.

¹⁷ Geus kitu Kemah Suci diruag tuluy digotong ku kaom Gerson jeung kaom Merari, bral iang.

¹⁸ Ditema ku iangan pasukan umbul-umbul kaom Rubin sapasukan-sapasukan, dikapalaan ku Elisur bin Sedeur.

¹⁹ Selumiel bin Surisaday ngapalaan aleutan kaom Simeon,

²⁰ jeung Elisap bin Rehuel ngapalaan aleutan kaom Gad.

²¹ Leut deui iangan urang Lewi kaom Kahat, ngagarotong parabot-parabot suci. Lamun maranehanana geus daratang ka pasanggrahan anu anyar, eta Kemah kudu geus ngadeg deui.

²² Ti dinya ditema ku pasukan umbul-umbul kaom Efraim, saaleutan-saaleutan, dikapalaan ku Elisama bin Amihud.

²³ Gamaliel bin Pedasur ngapalaan kaom Menase,

²⁴ jeung Abidan bin Gidoni ngapalaan kaom Binyamin.

²⁵ Pangpandeurina pasukan umbul-umbul kaom Dan, anu jadi bebenteng beulah tukang, dikapalaan ku Ahieser bin Amisaday.

²⁶Pegiel bin Okran ngapalaan aleutan kaom Aser,

²⁷jeung Ahira bin Enan ngapalaan aleutan kaom Naptali.

²⁸Kitu aturan tata barisna urang Israil, saaleutan-saaleutanana, ana maraju pindah pasanggrahan.

²⁹Geus kitu Musa ngalahir ka kapisaderekna, Hobab bin Yitro urang Midian, "Ayeuna urang nuju ngawitan majeng ngajugjug tempat anu bade dipaparinkeun ku PANGERAN tea, kitu timbalan Mantenna anu parantos jangji bade maparin kamuktian ka urang Israil. Mangga urang sareng ka ditu, urang sasarengan hirup dina kamuktian."

³⁰Walon Hobab, "Hatur nuhun, nanging sim kuring teh hayang wangsul ka lembur sorangan."

³¹"Panuhun, mugi ulah ngantunkeun," saur Musa. "Mugi kersa jadi tuduh jalan, da saderek mah uninga di mana pisaeunana ieu aleutan kedah ngarerebna.

³²Saupami kersa nyarengan, sagala berkah PANGERAN urang tampi sasarengan."

³³Sanggeus arindit ti Sinai ninggalkeun gunung PANGERAN, maranehna terus maju tilu poe. Peti Perjangjian PANGERAN geus ti heula diinditkeunana, salawasna heulaeun maranehanana pikeun nangtukeun pitempateun geusan masanggrahan deui.

³⁴ Saban maranehna maju ninggalkeun urut pangrerebanana, mega aheng ti PANGERAN tea salawasna aya luhureunana ari ti beurang.

³⁵ Saban Peti Perjangjian mimiti diinditkeun, Musa miunjuk, "Mangga majeng nun PANGERAN, musuh-musuh paburisatkeun, sugri anu ka Gusti mikageuleuh perangan!"

³⁶ Satiap-tiap eta eureun Musa miunjuk, "Mangga linggih deui nun PANGERAN, ka ieu mangketi-keti urang Israil."

11 ¹Hiji mangsa jalma-jalma mimiti ngarasula ka PANGERAN dumeh ngarasa sangsara. Ngadangu kitu PANGERAN jadi bendu, gur bae aya seuneu ti Mantenna ngamuk ka maranehna jeung ngalebur sabagian pakemahan.

²Jalma-jalma tingjarerit marenta tulung ka Musa. Seug Musa neneda ka PANGERAN, pes seuneu pareum.

³Ti dinya eta tempat dingaranan Tabarah, sabab di dinya maranehna dilebur ku seuneu ti PANGERAN.

⁴Aya sababaraha urang asing anu marilu lumaku jeung urang Israil, pohara harayangeunana manggih daging, nepi ka urang Israil oge milu ngarasula pokna, "Eh hayang teuing meunang daging!"

⁵Di Mesir mah lauk naon ge urang ngadahar jeung teu kudu meuli. Aringet keneh kana bonteng, kana samangka, bawang beureum, bawang daun, bawang bodas?

⁶Bet ayeuna mah urang nepi ka sakieu kalempohanana, euweuh gahel-gaheleun acan. Nu aya saban poe manna deui, manna deui!"

⁷(Manna teh bangunna siga siki, laleutik, warnana bodas semu-semu koneng,

⁸(11:8-9) asalna ti awang-awang, turunna ti peuting bareng jeung ibun, isukna ku maranehna diparulungan tuluy dirarendos atawa ditutuan dijieun tipung, digodog tuluy dijieun sabangsa gegeplak, rasana asa kueh anu dipanggang make minyak jetun.)

⁹(11:8)

¹⁰Kekecapan maranehna kitu kadangu ku Musa, da ngaromongna bari tingrariung hareupeun kemah-kemahna. Anjeunna jadi nalangsa, lantaran PANGERAN jadi bendu ka maranehna.

¹¹Pok anjeunna ngalengis ka PANGERAN, "Naha abdi teh dugi ka dikieu-kieu teuing? Ku naon Gusti sakieu henteu misukana ka abdi? Ku naon abdi teh dikedahkeun ngurus ieu jalmi-jalmi?

¹²Padahal maranehna teh jadina sanes ku abdi, dijurukeunana sanes ku abdi, kari-kari bet abdi anu dipiwarang ngurus, teu benten ti ngarorok sareng ngangais orok sapanjang jalan salami muru ka tanah anu ku Gusti kapungkur dijangjikeun ka karuhunna!

¹³Ti mana abdi teh pikengingeun daging nyumponan kahayang maranehna? Damelna ngeceblek mementa daging!

¹⁴Abdi teu sanggem ngurus jalmi sakitu seueurna sorangan bae, abot langkung ti abot!

¹⁵Ti batan dikieu-kieu, langkung sae paehan bae abdi teh, ulah lami-lami nandangan panyiksa. Kitu soteh ari bade dipikawelas."

¹⁶Timbalan PANGERAN ka Musa, "Kami pangumpulkeun jelema tujuh puluh urang anu pantes ajenaneun, anu pantes jaradi pangurus, sina ka darieu ka Kemah Kami, jaronghokkeun barengan ku maneh.

¹⁷Engke Kami lungsur ngandika ka maneh, jeung nyandak sabagian pangawasa Kami anu di maneh, baris diancikkeun ka maranehna. Engke maranehna sina ngabantu ngasuh eta jelema-jelema, supaya ulah sagala rupa ditangkes ku maneh sorangan.

¹⁸Pek ka ditu bejakeun ka jelema-jelema, kieu kituh, Ari harayang daging, maraneh isukan kudu susuci. Maraneh ngeceblek majar hayang teuing nyatu daging, majar ngeunah keneh ge di Mesir. Omongan maraneh teh kadangu ku PANGERAN, sarta Mantenna tangtu engke maparin daging, sangkan maraneh nyaratu daging.

¹⁹Lain sapoe dua poe, lain ngan lima poe atawa sapuluh poe atawa dua puluh poe,

²⁰ tapi sabulan compleng bakal nyaratu daging, nepi ka daging teh barijilan deui tina ceuli, nepi ka maraneh garering utah-utahan. Bongan maraneh keneh anu geus teu ngahiding ka PANGERAN anu aya di tengah maraneh. Bongan maraneh keneh anu geus ngarasula ka Mantenna, majar mending ge tong budal ti Mesir."

²¹ Musa miunjuk, "Anu diurus ku abdi teh 600.000 jalmi. Saur Gusti sadayana bade dipaparin daging dugi ka sasasih compleng. Kumaha?

²² Na cekap sapina, dombana, peunciteun dugi ka maranehna sareubeuheun? Na cekap lauk di laut kanggo diteda ku maranehna?"

²³ PANGERAN ngawaler, "Ari pangawasa Kami na aya watesna? Tenjokeun ku maneh, timbalan Kami teh baris bukti atawa moal!"

²⁴ Bral Musa angkat nepangan jelema-jelema nepikeun timbalan PANGERAN tea. Anjeunna ngumpulkeun tujuh puluh urang pamingpin, tuluy sina ngariung Kemah Suci.

²⁵ Seug PANGERAN lungsur dina mega nimbalan ka Musa, ti dinya nyandak sabagian pangawasa anu ngancik di Musa diancikkeun ka anu tujuh puluh pamingpin tea. Barang Roh tea ngancik, maranehna ujug-ujug ngagarero kawas nabi, ngan teu lila.

²⁶ Ti nu tujuh puluh urang tea aya duaan anu ninggalkeun maneh di pasanggrahan henteu marilu indit ka Kemah Suci, ngaranna Eldad

jeung Medad. Maranehna oge kaancikan Roh, seug deuih ngagarero kawas nabi, di pasanggrahan.

²⁷ Tuluy aya budak ngora lumpat ka Musa bebeja hal Eldad jeung Medad kitu.

²⁸ Pok Yosua bin Nun anu gagandek ka Musa ti ngongora unjukan ka anjeunna, "Hulag, Juragan!"

²⁹ Waler Musa, "Pipilueun teuing kana urusan kami! Kahayang kami mah malah sing saban jelema ku PANGERAN diancikan Roh, sina barisa ngucap kawas ucapan nabi!"

³⁰ Geus kitu Musa jeung para pamingpin tea marulang deui ka pasanggrahan.

³¹ Gelebug aya angin ti PANGERAN, mawa manuk puyuh ti laut, haliberna harandap pisan, teu sameter-meter acan tina taneuh, tuluy tarurun ka pasanggrahan, nakleuk sakuriling bungking nepi ka sababaraha kilometer jauhna.

³² Sapoe eta nepi ka sapeupeuting, nepi ka isukna deui jelema-jelema narewakan puyuh. Beubeunangan saurangna paling saeutik sarebu kilogram. Dagingna diparoe sakuriling pasanggrahan.

³³ Tacan beak eta daging didalahar, PANGERAN bendu, seug narajangkeun pagebug ngabasmi ka maranehna.

³⁴ Ti dinya eta tempat dingaranan Kibrot Taawa, anu hartina "Kuburan Kahawekan",

sabab jadi kuburan jelema-jelema anu harawek kana daging.

³⁵ Geus kitu maranehna neruskeun lumakuna tuluy masanggrahan di Haserot.

12¹ Hiji mangsa Musa diupat ku Harun jeung saderekna nu istri, Miryam, dumeh geus migarwa wanita urang Kus.

² Salaurna, "Naha ngan anjeunna bae anu ku PANGERAN dianggo jalan ngandika teh? Ari ka urang tara ngandika, kitu?" Kasauran aranjeunna kadangu ku PANGERAN.

³ (Ari Musa tabeatna rendah manah, taya tandingna di sadunya anu rendah manah kawas anjeunna.)

⁴ Ti dinya PANGERAN ujug-ujug ngandika ka Musa, Harun jeung Miryam, "Kami mundut maraneh tiluan kudu daratang ka Kemah Kami." Bral aranjeunna arangkat.

⁵ PANGERAN lungsur dina pilar mega. Mantenna ngadeg di lawang Kemah-Na, tuluy ngagentra, "Harun! Miryam!" Seug duanana maju,

⁶ PANGERAN tuluy ngandika, "Darengekeun ieu dawuhan Kami! Upama tea mah di maraneh aya nabi, mun Kami seja nembongan ka nabi mah cukup dina tetenjoanana bae. Nimbalan oge arek dina impianana wungkul.

⁷ Ari nimbalan ka Musa mah anu jadi abdi Kami, beda deui. Manehna ku Kami geus

dipercaya ngurus sakabeh urang Israil, umat Kami.

⁸Ana Kami nimbalan, ka Musa mah nepi ka adu-hareupan, tur sageblasna lain anu pikiraneun! Malah manehna mah geus nenjoeun rupa Kami! Maraneh nepi ka wani campelak kitu ngagogoreng ka Musa, ka abdi Kami?"

⁹Kacida benduna PANGERAN ka Harun jeung Miryam. Barang Mantenna ngantunkeun,

¹⁰sarta mega tea geus nyinkah ti eta Kemah, Miryam ngadak-ngadak keuna ku kasakit lepra sakujur salirana, kulitna mani ngeplak bodes kawas salju. Barang katangen ku Harun yen Miryam jadi kitu,

¹¹terus bae ngalengis ka Musa saurna, "Aduh Juragan, mugi ieu hukuman teh ulah kalalajengan nyiksana. Rumaos di kabodoan parantos midamel dosa.

¹²Mugi ieu pun dulur ulah dugi ka sapertos anu maot ti barang dijurukeun, anu dagingna parantos satengah buruk."

¹³Musa sasambat ka PANGERAN, "Nun Allah, mugi ieu pun dulur dicageurkeun!"

¹⁴Waler PANGERAN, "Lamun manehna diciduhan beungeutna ku bapana, tangtu nyandang wirang nepi ka tujuh poe. Ku sabab kitu ayeuna oge sina saperti kitu, saminggu lilana teu meunang aya di jero pasanggrahan. Mun geus saminggu kakara meunang diasupkeun deui."

¹⁵Ti dinya Miryam dilarang aya di jero pasanggrahan, saminggu lilana. Sabot kitu anu sejen tacan waka neruskeun laku, ngadarago heula.

¹⁶Sanggeus kitu kakara maranehna arindit ti Haserot, tuluy masanggrahan di tanah gurun Paran.

13 ¹PANGERAN ngandika ka Musa,
²"Maneh kudu milih salah saurang pamingpin ti saban kaom anu dua welas, tuluy utus sina ngintip ka tanah Kanaan anu ku Kami rek dibikeun ka urang Israil tea."

³(13: 3-15) Ku Musa dilampahkeun, sarta anjeunna ti tanah gurun Paran ngirimkeun para pamingpin tea, nya eta: Ti kaom-Nu dikirim; Rubin-Samua bin Sakur; Simeon-Sapat bin Hori; Yuda-Kaleb bin Yepune; Isaskar-Igal bin Yusup; Epraim-Hosea bin Nun; Binyamin-Palti bin Rapu; Sebulun-Gadiel bin Sodi; Menase-Gadi bin Susi; Dan-Amiel bin Gemali; Aser-Setur bin Mikael; Naptali-Nahbi bin Wapsi; Gad-Guel bin Maki.

⁴(13: 3)

⁵(13: 3)

⁶(13: 3)

⁷(13: 3)

⁸(13: 3)

⁹(13: 3)

¹⁰(13: 3)

¹¹(13: 3)

¹²(13: 3)

13 (13: 3)

14 (13: 3)

15 (13: 3)

16 Sakitu jelema-jelema anu ku Musa diutus kudu ngintip tanah Kanaan teh. Aya anu diganti ngaranna ku Musa, Hosea bin Nun jadi Yosua.

17 Memeh bral ku Musa dipaparin amanat heula, saurna, "Ti dieu kudu ngaler nepi ka tanah Kanaan beulah kidul, tuluy arunggah ka pagunungan.

18 Arintip ti dinya kumaha kaayaanana eta tanah, sabaraha cacah jiwana, sakumaha kakuatanana.

19 Naha eta tanah teh alus atawa goreng, jelemana caricing di desa-desa anu bolongor atawa di kota-kota anu dikuta.

20 Pariksa taneuhna lendo henteuna, Ioba henteuna tatangkalanana. Jeung balikna omat kudu mawa conto bubuahanana." Harita memang keur musimna buah anggur mimiti arasak.

21 Bral utusan arindit maju ngaler. Tuluy ngintip eta tanah, ti kidulna mimiti ti tanah gurun Sin terus ngaler mapay jalan nepi ka Rehob, hiji tempat anu geus deukeut ka Hamat.

22 Ti dinya terus ka Hebron, wewengkon eta tanah beulah ti kidul, pamatuhan urang Ahiman, urang Sesai jeung urang Talmai; ieu tilu suku bangsa teh turunan bangsa Enak,

hiji bangsa anu awakna jarangkung gede.
(Hebron mimiti kabukana teh tujuh taun samemeh Soan, hiji tempat di tanah Mesir.)

²³Sanggeus nepi ka Lebak Eskol, maranehna ngala buah anggur saranggeuy. Ranggeuyananan kacida beuratna nepi ka digotong ku duaan. Ngala buah dalima deuih jeung buah kondang bawaeun mulang.

²⁴(Eta tempat anu matak dingaranan Lebak Eskol teh lantaran perkara eta buah anggur saranggeuy anu diala ku urang Israil tea.)

²⁵Sanggeus beres ngintipna nepi ka opat puluh poe, mata-mata teh marulang ka bangsana,

²⁶ka Musa, Harun, jeung bangsa Israil di tanah gurun Paran wewengkon tanah Kades. Sagala papanggihanana ditepikeun bari nembongkeun bubuahan babawaanana.

²⁷Kieu pupulihna ka Musa, "Eta tanah parantos disidikkeun. Kaayaanana beunghar sareng subur. Ieu ngabantun bubuahanana saeutik.

²⁸Mung jalmi-jalmina kacida baredasna, kota-kotana nya arageung nya wareweg, dikuta kuat sakurilingna. Kajabi ti kitu di ditu teh aya suku bangsa anu jarangkung gede.

²⁹Palih kidul dicicingan ku urang Amalek. Pagununganana dicicingan ku urang Het, urang Yebus, sareng urang Emor. Tempat-tempat sapanjang basisir Laut Tengah sareng

sapanjang Walungan Yordan dicicingan ku urang Kanaan."

³⁰Ti dinya Kaleb ngarepehkeun jelema-jelema anu mimiti ngageder nembongkeun kateupanujuna ka Musa. Kieu ceuk Kaleb, "Urang rurug eta tanah teh, urang rebut. Tangtu beunang ku urang."

³¹Tapi ceuk nu sejen-sejenna anu arindit jeung Kaleb, ngaromongna teh kieu: "Urang moal kuat ngarurug ka ditu. Urang ditu teh baredasna leuwih ti urang."

³²Saterusna maranehna nyebarkeun carita palsu ka urang Israil perkara hasil lolongokna ka eta tanah, majar: "Hasil eta tanah teh keur pribumina ge teu matak mahi. Jalma-jalmana jararangkung pisan,

³³malah di ditu teh loba raksasa turunan bangsa Enak. Dibanding jeung itu, urang mah mani asa sagede simeut. Moal teu kitu itu ge nganggapna ka urang."

14¹ Sapeupeuting eta jelema-jelema teh gawena tinggorowok jeung nembongkeun kasusah.

²Seug ngarasula ka Musa jeung Harun, pokna, "Mending ge paeh bareto di Mesir, atawa mending paeh di dieu keneh di tanah gurun!"

³Jang naon urang teh ku PANGERAN digiring ka eta tanah? Perang moal teu eleh, anak pamajikan dijabel. Kumaha lamun urang baralik deui bae ka Mesir?"

⁴ Terus maranehna baradami, "Hayu urang pilih pamingpinna, sina mawa urang ka Mesir deui!"

⁵ Bruk Musa jeung Harun nyaruuh kana taneuh hareupeun eta jelema-jelema.

⁶ Ari Yosua bin Nun jeung Kaleb bin Yepune, dua jelema anu tas ngalongok tanah tea nyarosoeh pakeanana bawaning ku susah,

⁷ tuluy ngomong ka nu loba pokna, "Eta tanah anu kakara tas ditalengteng teh kacida pikabitaeunana.

⁸ Asal kalakuan urang sing matak sapuk kana manah PANGERAN, ku Mantenna tangtu dicandak ka ditu, sarta eta tanah anu sakitu beungharna tur sakitu lendona teh tangtu dipaparinkeun ka urang.

⁹ Ulah ngalawan ka PANGERAN, jeung ulah gimir ku urang ditu. Moal teu babari ngelehkeunana. PANGERAN nyarengan urang, sarta Mantenna geus ngelehkeun allah-allah urang ditu, jadi ulah sieun-sieun."

¹⁰ Tapi jelema-jelema teh anggur ngancam rek maehan, arek maraledogan ku batu, ngan kaburu narenjoeun aya cahaya anu ujug-ujug ngagebray luhureun Kemah Suci, cahaya PANGERAN.

¹¹ PANGERAN ngandika ka Musa, "Rek iraha enggeusna eta jelema-jelema nampik ka Kami teh? Rek sabaraha lilana maranehna henteu percaya ka Kami anu geus sakitu lobana nembongkeun mujijat?"

¹²Ku Kami rek ditarajang, rek dibasmi ku pagebug. Ari maneh ku Kami rek dijieun karuhun hiji bangsa anu leuwih gede jeung leuwih kuat ti batan maranehna!"

¹³Tapi piunjuk Musa ka PANGERAN, "Ieu bangsa teh ku Gusti parantos dikaluarkeun ti Mesir kalayan metakeun pangawasa. Sugri padamelan Gusti pikeun maranehna, saupami kakupingeun ku urang Mesir

¹⁴tangtos dicarioskeun ka urang dieu. Urang dieu parantos kawartosan yen Gusti PANGERAN nyarengan ka abdi sadaya, malah sok tempong ngajirim upami mega Gusti aya di luhureun abdi sadaya, ari siang angkat ti payun dina tihang mega, wengina dina tihang seuneu.

¹⁵Saupami ieu jalmi-jalmi ayeuna dibasmi, tangtos ceuk bangsa-bangsa anu kantos nguping kajayaan Gusti teh

¹⁶pangna ieu umat dugi ka dibasmi, lantaran Gusti parantos teu sanggup nungtunna ka tanah anu parantos dijangjikeun.

¹⁷Kitu nu mawi nun PANGERAN, mugi kakawasaan Gusti teh dianggo ngabuktoskeun pilahir anu kieu tea:

¹⁸Kami teh PANGERAN, jembar panalar, jembar asih, satuhu, jembar hampura ka nu baroga dosa jeung ka anu sok ngalawan. Tapi nu salah mah moal teu dihukum, boh kaom bapa, boh anak incuna, nepi ka turunan katilu jeung kaopat.

¹⁹ Sarehing kitu nun PANGERAN, luyu sareng sipat asih Gusti anu jembar tur tara gingsir, sim abdi nunuhun mugi ieu jalmi-jalmi teh dihapunten dosana, sapertos kapungkur-pungkur ti barang maranehna budal ti Mesir."

²⁰ PANGERAN ngawaler, "Ku Kami dihampura sakumaha pamenta maneh.

²¹ Tapi demi hirup Kami, jeung demi kamulyaan Kami anu minuhan jagat,

²² maranehna moal aya anu diasupkeun ka eta tanah. Sangkilang maranehna geus narenjoeun gebrayna kamulyaan jeung mujijat-mujijat Kami di Mesir jeung di gurun keusik, tapi teu eureun-eureun maranehna teh ngalawan, ngadoja kasabaran Kami.

²³ Maranehna hamo asup ka tanah anu ku Kami dijangjikeun ka karuhunna. Sakur anu ngalawan ku Kami moal aya anu diasupkeun ka ditu.

²⁴ Ari Kaleb, abdi Kami, ku sabab beda deui sarta tetep satuhu, tangtu ku Kami dicandak ka ditu, ka tanah anu ku manehna tas ditalengteng. Anak incuna bakal ngamilik eta tanah,

²⁵ bakal nyaricingan tanah-tanah lebak anu ayeuna dicaricingan keneh ku urang Amalek jeung urang Kanaan. Maraneh isukan kudu malik ngajugjug ka gurun keusik, anu nuju ka Teluk Akaba."

²⁶PANGERAN ngandika ka Musa jeung Harun,

²⁷"Rek sabaraha lilana jelema-jelema garoreng hate teh gegelendengna ka Kami? Kami geus kesel ngadangu gegelendengna!

²⁸Bejakeun, kieu kituh waleran Kami, Kami sumpah demi hirup Kami, saomong maraneh ku Kami rek dibuktikeun. Kitu timbalan Kami, PANGERAN.

²⁹Maraneh bakal tariwas, bangke-bangke maraneh bakal nyebar di gurun keusik. Sakur anu ayeuna umurna leuwih ti dua puluh taun, ku sabab geus gegelendeng ka Kami, moal aya anu asup ka eta tanah.

³⁰Pamohalan maraneh narepi sarta maratuh di ditu, sanajan Kami geus jangji. Kajaba Kaleb jeung Yosua.

³¹Ceuk maraneh, anak pamajikan bakal kajabel. Tapi malah nya maranehna anu ku Kami rek dicandak ka ditu ka tanah anu ku maraneh teu dipikahayang. Eta tanah baris patuhananana.

³²Maraneh mah bakal paraeh di dieu di tanah gurun.

³³Anak maraneh bakal ngalumbara di ieu tanah gurun nepi ka opat puluh taun, balangsak ku karana kateusatiaan maraneh, nepi ka maraneh tumpes beak.

³⁴Balukarna tina dosa sorangan, maraneh bakal balangsak nepi ka opat puluh taun, ngingetkeun lilana waktu anu dipake lolongok

ka eta tanah opat puluh poe, sapoena satauneun. Sangkan karasa temahna dilawan ku Kami!

35 Kami sumpah rek nyieun kitu ka maraneh anu jarahat, anu geus ngalawan ka Kami. Maraneh masing-masing tangtu tariwas di tanah gurun. Kitu timbalan Kami, PANGERAN."

36 (14: 36-37) Ari jelema-jelema anu diutus ngintip tanah tea, anu nyebarken carita bohong nepi ka jelema-jelema gegelendeng ka PANGERAN, ku PANGERAN digebug ku hiji kasakit, hos paraeh.

37 (14: 36)

38 Ti nu dua welas urang teh ngan duaan nu salamet, Yosua jeung Kaleb.

39 Barang timbalan PANGERAN teh dicarioskeun ku Musa, urang Israil jadi kacida sarusaheunana.

40 Isukna isuk-isuk keneh pisan maranehna geus rek bring bae ngarurug ka pagunungan di ditu, sarta kieu omongna ka Musa, "Ayeuna mah abdi sadaya daek ka ditu, ka tanah anu diandikakeun ku PANGERAN. Rumaos lepat."

41 Tapi saur Musa, "Arek ngaralawan deui ka PANGERAN? Moal aya hasilna!"

42 Ulah ka daritu, ku PANGERAN moal disarengan, temahna engke beunang ku musuh.

43 Maraneh tangtu leh ngayonan urang Amalek jeung urang Kanaan. PANGERAN teu

kersaeun nyarengan lantaran maraneh geus teu narolih ka Mantenna."

⁴⁴ Tapi maranehna murugul, terus ngajugjug ka pagunungan, padahal Peti Perjangjian PANGERAN jeung Musa tetep-tetep henteu incah ti pasanggrahan.

⁴⁵ Maranehna ditarajang ku urang Amalek jeung urang Kanaan, kadeseh sarta diuber nepi ka Hormah.

15 ¹PANGERAN ka Musa maparinkeun ²ieu pikukuh pikeun urang Israil, anu kudu dilakonan ari geus araya di tanah anu bakal dipaparinkeun tea:

³Lamun maraneh arek ngurban ka PANGERAN, kurban beuleuman, kurban pikeun nekanan panadaran, kurban ku karana suka rela, atawa kurban-kurban anu dimistikeun dina pesta-pesta kaagamaan, sato kurbanna meunang ku sapi jalu, domba jalu, domba atawa embe, jieun kurban kadaharan. Seungitna kurban-kurban kadaharan tea bakal kagalih ku PANGERAN.

⁴(15: 4-5) Sing saha anu nyanggakeun domba atawa embe ka PANGERAN pikeun kurban beuleuman, sarta pikeun tiap-tiap sato kudu dilengkepan ku tipung sakilo anu diadonan ku saliter minyak jetun keur kurban kadaharan, jeung cianggur saliter.

⁵(15: 4)

⁶Lamun anu dikurbankeunana domba jalu, kudu oge ngahaturkeun kurban kadaharan

tina tipung dua kilo anu diadonan ku saliter satengah minyak jetun,

⁷jeung cianggur saliter satengah. Seungitna kurban bakal kagalih ku PANGERAN.

⁸Lamun anu dihaturkeun ka PANGERAN teh sapi jalu, boh keur kurban beuleuman boh keur kurban pikeun nekanan panadaran atawa keur kurban panarima,

⁹kudu oge ngahaturkeun kurban kadaharan tina tipung tilu kilo anu diadonan ku dua liter minyak jetun,

¹⁰jeung cianggur dua liter. Seungitna kurban bakal kagalih ku PANGERAN.

¹¹Kitu patokan kurban-kurban pangiring pikeun satiap kurban sapi jalu, satiap domba jalu, satiap domba, satiap embe.

¹²Sakumaha bae lobana sato anu dikurbankeun, lobana kurban pangiring oge kudu disaluyukeun kana patokan eta.

¹³Unggal warga Israil asli, saban ngahaturkeun kurban kadaharan anu angseuna hayang kagalih ku PANGERAN, kudu kitu.

¹⁴Urang asing anu aya di maraneh, boh anu sawatara waktu, boh anu tetep matuh, lamun rek nyieun kurban kadaharan, supaya angseuna kagalih ku PANGERAN, aturanana kudu sarua cara kitu.

¹⁵Eta aturan teh diwajibkeun pikeun saterusna, boh ka maraneh boh ka urang

asing anu aya di maraneh. Sabab dina soca PANGERAN mah maraneh jeung itu teh sarua,

¹⁶jadi pikukuh jeung aturan kitu teh nya pikeun maraneh nya pikeun itu.

¹⁷PANGERAN ka Musa maparinkeun deui

¹⁸aturan pikeun urang Israil anu kudu dilakonan ari geus araya di tanah anu rek dipaparinkeun tea:

¹⁹Bahan dahareun tina hasil eta tanah, sabagian wajib disanggakeun ka PANGERAN.

²⁰Lamun nyieun roti tina gandum anu diala pangheulana, roti nu kahiji kudu husus dibaktikeun ka PANGERAN. Cara ngabaktikeunana sarua jeung cara ngabaktikeun roti tina gandum anu digiling pangheulana.

²¹Pikukuh kudu nyanggakeun roti saperti kitu saban-saban nyieun, kudu dilakonan salawasna.

²²Tapi bisa jadi aya nu teu kahaja henteu ngalakonan salah sarupa pikukuh anu ku PANGERAN diandikakeun ka Musa.

²³Atawa bisa jadi engke sakumna masarakat henteu ngalakonan sagala pikukuh anu ku PANGERAN geus diandikakeun ka Musa.

²⁴Saupama kasalahanana teh lantaran lalawora, maranehna kudu ngahaturkeun sapi jalu keur kurban beuleuman, anu angseuna matak sedep ka PANGERAN, diiring ku kurban kadaharan jeung kurban anggur sakumaha tali parantina. Kurban pangiring sejenna

kudu ngahaturkeun embe badot keur kurban pamupus dosa.

²⁵ Ku imam kudu dikurbankeun pikeun nebus dosa masarakat, tangtu bakal dihampura, sabab kasalahanana lain dihaja. Kurban pamupus dosa tea dijieun kurban kadaharan haturan PANGERAN.

²⁶ Sakumna bangsa Israil tangtu bakal dihampura, kitu deui urang asing, sabab eta kasalahan teh mawa ka sarerea.

²⁷ Upama anu dosa teu kahaja teh ngan saurang, jelemana kudu ngahaturkeun anak embe bikang umur sataun keur kurban dosa.

²⁸ Embena kudu dikurbankeun ku imam dina altar pikeun nebus dosa eta jelema, tangtu ku Mantenna dihampura.

²⁹ Ieu pikukuh pikeun saha bae sakur anu nyieun dosa teu kahaja, boh urang Israil boh urang asing.

³⁰ Tapi lamun kasalahan tea dihaja, boh urang Israil boh lain, eta teges salah, lantaran mandang enteng ka PANGERAN, kudu dipaehan,

³¹ sabab nyapelekeun timbalan PANGERAN, ngahaja ngarempak salah sahiji pikukuh-Na, anu matak kudu dipaehan ku karana kasalahanana.

³² Hiji mangsa waktu urang Israil di tanah gurun keneh, aya hiji jelema kanyahoan ngala suluh dina poe Sabat.

³³Tuluy dideuheuskeun ka Musa jeung Harun jeung ka sakumna bangsa Israil,

³⁴sarta dijaga lantaran tacan terang kudu dikumahakeun.

³⁵PANGERAN nimbalan ka Musa, "Eta kudu dipaehan. Paehan di luareun pasanggrahan, baledogan ku batu ku sarerea."

³⁶Seug eta jelema teh dibawa ka luareun pasanggrahan tuluy dipaehan, dibaledogan ku batu ku sarerea sakumaha piwarangan PANGERAN.

³⁷PANGERAN ngandika deui ka Musa

³⁸pikeun urang Israil, "Maraneh kudu nyieun rarawis dina tungtung baju. Unggal rarawis kudu diberean benang biru salambar. Gumatikeun kitu salalawasna.

³⁹Gawena pikeun ngingetan sangkan saban maraneh nenjo eta rarawis aringet sarta narurut kana sagala timbalan Kami, moal bengkok sembah, moal ngajujur napsu ngencar kahayang sorangan.

⁴⁰Jadi gawena eta rarawis teh sangkan maraneh gumati kana sagala timbalan Kami, sangkan gembleng jadi kagungan Kami.

⁴¹Kami teh PANGERAN Allah maraneh. Kami ngaluarkeun maraneh ti Mesir teh supaya jadi Allah maraneh. Kami teh PANGERAN."

16¹(16:1-2) Aya hiji jelema urang Lewi kaom Kahat, ngaranna Korah bin Yishar. Eta jelema geus nangtang ka Musa. Aya baturna tiluan ti kaom Rubin, ngaranna

Datan, jeung Abiram, duanana anak Eliab, anu saurang deui ngaranna On bin Pelet, dipiluan ku dua ratus lima puluh urang Israil anu aya kasebutna lantaran kabehanana pamingpin pilihan rahayat.

²(16: 1)

³Ngaronom ka Musa jeung Harun sarta nangtang kieu, "Andika geus kaleuleuwihi! Bangsa Israil teh kagungan PANGERAN. Anu disarengan ku PANGERAN teh urang, kabeh. Jadi naon leuwihna andika, he Musa, make munjulkeun maneh ti sapakumpulan umat PANGERAN?"

⁴Bareng Musa ngadangu kitu, bruk sujud kana taneuh tuluy neneda.

⁵Geus kitu ngalahir ka Korah sabatur-batur, "Isukan isuk-isuk PANGERAN anu bakal mutus mana nu jadi kagungana-Na, mana anu wenang ngadeuheus ka Mantenna, anu dimeunangkeun deukeut ka Mantenna kana altar.

⁶(16: 6-7) Isukan isuk-isuk arandika kudu mawa parukuyan meunang ngaruhakan jeung dupana, teundeuneun kana altar. Urang cirikeun saha antara urang anu saenyana dipilih ku PANGERAN. Arandika anu kaleuleuwihi, he urang Lewi!"

⁷(16: 6)

⁸Musa terus keneh ngalahirna ka Korah, "He urang Lewi, regepkeun!

⁹ Arandika teh ku Allahna Israil geus dipilih ti antara sakabeh urang Israil, nepi ka meunang deukeut ka Mantenna, meunang digarawe di Kemah PANGERAN, meunang ngatur jeung nguruskeun kapentingan sakumna urang Israil. Ceuk pangira arandika, na eta teh perkara leutik?

¹⁰ Arandika, kitu deui urang Lewi sakumna, ku PANGERAN dipaparin harkat sakitu masih harayang leuwih, harayang jadi imam!

¹¹ Arandika jeung sakur anu bariluk gegelendeng ka Harun teh saenyana mah gegelendeng jeung nangtang ka PANGERAN."

¹² Musa miwarang ngala Datan jeung Abiram. Tapi jawabna, "Moal, moal nemonan!"

¹³ Karah kurang puas keneh ngabudalkeun kaula kabeh ti Mesir, ti tanah anu medah-meduh, ngarah kaula kabeh paraeh di tanah gurun? Arek ngangkat maneh ongkoh jadi juragan kaula sakabeh?

¹⁴ Geus tetela andika lain mawa ka tanah anu gemah ripah, lain mere lahan-lahan atawa kebon-kebon anggur. Masih keneh arek ngabobodo. Moal, moal nemonan!"

¹⁵ Musa kasebit manahna tuluy unjukan ka PANGERAN, "Mugi kurban maranehna engke ulah aya anu ditampi. Abdi ka maranehna teh teu acan ngarugelkeun, teu acan kantos ngabantun kalde-kaldena acan."

¹⁶ Geus kitu anjeunna sasauran deui ka Korah, "Isukan isuk-isuk andika jeung anu

dua ratus lima puluh urang anu bariluk, kudu ka Kemah PANGERAN. Harun oge tangtu aya.

¹⁷ Masing-masing kudu mawa parukuyan didupaan, teundeun kana altar."

¹⁸ Isukna maranehna daratang marawa parukuyan meunang ngaruhakan jeung dupana, tuluy narangtung hareupeun lawang Kemah PANGERAN jeung Musa jeung Harun.

¹⁹ Korah ngumpulkeun jelema sapakumpulan sina narangtung nyanghareup ka Musa jeung Harun di hareupeun lawang Kemah. Bray cahaya kamulyaan PANGERAN ngagebray nemongan ka sakabeh.

²⁰ PANGERAN nimbalan ka Musa jeung Harun,

²¹ "Maraneh kudu nytingkir ti eta jelema-jelema. Maranehna ku Kami arek dibasmi ayeuna keneh."

²² Tapi Musa jeung Harun bruk sarujud sarta arunjukan, "Nun Allah, Gusti teh sumber hirupna saniskara. Anu lepat mung saurang, naha bendu ka sadayana?"

²³ Timbalan PANGERAN ka Musa,

²⁴ "Jalma loba titah nyalingkir ti kemah Korah, Datan jeung Abiram."

²⁵ Bral Musa angkat ka kemah Datan jeung Abiram diiring ku para pamingpin,

²⁶ tuluy miwarang ka jalma loba, "Maraneh nyaringkah kabeh ti kemah ieu jelema-jelema doraka. Kade ulah aya barang-barangna anu

kacabak, bisi maraneh milu tumpes kabawa
ku dosa maranehna."

²⁷ Jalma-jalma nyaringkah ti kemah Korah,
Datan jeung Abiram. Geus kitu Datan jeung
Abiram kaluar jeung saanak-majikanana
masing-masing, ngajaranteng di lawang
kemahna.

²⁸ Musa ngalahir ka jalma rea, "Tarenjokeun,
sangkan kanyahoan yen sagala anu
dijalankeun ku bapa teh ku karana timbalan
PANGERAN, lain karep sorangan.

²⁹ Lamun eta jelema-jelema paehna paeh
sabiasa lain ku karana hukuman ti Allah, eta
tandana bapa lain piwarangan PANGERAN.

³⁰ Sabalikna upama PANGERAN midamel
hal anu tacan kungsi kadenge sarta taneuh
beulah ngalegleg maranehna katut sagala
pangabogana, nepi ka maranehna hirup-hirup
keneh tarurun ka enggon anu paraeh,
tetela eta jelema-jelema teh geus murtad ti
PANGERAN."

³¹ Tutup anjeunna sasauran, bray bae
taneuh anu ditincak ku Datan jeung Abiram
ujug-ujug beulah ngewag,

³² ngalegleg ka maranehna sakulawargana,
katut Korah jeung sakur anu bariluk ka
manehna katut sagala pangabogana.

³³ Kabeh diteureuy hirup-hirup ku taneuh,
tarurun ka enggon anu paraeh jeung sagala
pangabogana. Geus kitu taneuh anu beulah

teh liput deui, anu dileglegna lep les taya anu tembong deui.

³⁴ Sakur nu aya di dinya barang ngadarengé tingjareritha jelema-jelema anu dilegleg ku taneuh, tingbalecir lalumpatan bari gogorowokan, "Nyingkir! Bisi milu kakubur!"

³⁵ Sanggeus kitu gur deui aya seuneu ti PANGERAN, ngahuru jelema-jelema anu dua ratus lima puluh urang, anu tas nyaranggakeun kukus tea.

³⁶ Ti dinya PANGERAN ngandika ka Musa,

³⁷ "Parukuyan-parukuyan tambaga anu dibarawa ku jelema-jelema anu dihuru teh sina dicokot ku Elasar anak Imam Harun. Arengna awur-awur ka mana-mana. Eta parukuyan-parukuyan teh suci,

³⁸ sabab geus ditareundeun kana altar PANGERAN. Jadi cokotan eta parukuyan-parukuyan teh ti maranehna anu dihukum paeh ku karana dosa-dosana, tuluy pekprekan gepeng-gepengkeun, pake ngalapis altar, sina jadi paringatan ka urang Israil."

³⁹ Seug parukuyan-parukuyan teh ku Imam Elasar dicandak, tuluy miwarang jelema supaya eta dipekprekan digepeng-gepengkeun aripis dipake ngalapis altar.

⁴⁰ Eta teh pikeun jadi paringatan ka urang Israil, yen anu lain turunan Harun mah lamun ngukus ka PANGERAN teu meunang aya anu datang sorangan kana altar, sabab tangtu tiwas cara Korah sabatur-batur. Sakumaha

timbalan PANGERAN ka Musa pikeun Elasar
geus dijalankeun.

⁴¹ Poe isukna sakumna bangsa Israil
nyaralahkeun ka Musa jeung Harun, pokna,
"Bapa parantos ngabinasa umat PANGERAN."

⁴² Sanggeus nyaralahkeun ka Musa jeung
Harun, bring arindit ka Kemah Suci. Beh eta
Kemah teh kasampak geus katutup ku mega
sarta cahaya PANGERAN tembong ngagebray.

⁴³ Jol Musa jeung Harun ka dinya sarta
ngaradeg payuneun eta Kemah.

⁴⁴ Ti dinya PANGERAN nimbalan ka Musa,

⁴⁵ "Maraneh kudu nyungkir ti eta jelema-
jelema. Maranehna ku Kami rek dibasmi di
dinya keneh!" Bruk aranjeunna sarujud kana
taneuh.

⁴⁶ Ti dinya Musa ngalahir ka Harun, "Candak
parukuyan, ruhakan sareng teundeunan
dupa. Enggal itu jalmi-jalmi pangukuskeun,
pangnyirnakeun dosana. Enggal! PANGERAN
parantos meh bedah bendu-Na, sakedap deui
ge narajangkeun pagebug."

⁴⁷ Geuwat Harun nyandak parukuyan tuluy
rurusuhan muru ka jalma-jalma anu keur
ngagimbung. Ana breh teh pagebug geus
mimiti nerekab. Teu talangke deui, sok
dupa kana ruhak parukuyan, bul ngukus
nyirnakeun dosa maranehna.

⁴⁸ Rep pagebug teh eureun, Harun
ngajanteng di antara anu geus tariwas jeung
anu harirup keneh.

⁴⁹ Anu paraeh harita wungkul aya 14.700 urang, jaba anu geus paraeh ku karana kadorakaan Korah.

⁵⁰ Sapepesna eta pagebug, Harun nyampeurkeun ka Musa di lawang Kemah Suci.

17 ¹PANGERAN ngandika ka Musa,
²"Urang Israil pentaan iteuk dua welas siki, hiji iteuk ti unggal pamingpin kaom masing-masing. Ngaran anu bogana tuliskeun dina iteukna.

³Ngaran Harun tulis dina iteuk wakil urang Lewi. Jadi hiji iteuk ti saban pamingpin kaom.

⁴Bawa ka Kemah Kami, teundeun hareupeun Peti Perjangjian paranti Kami mayunan maneh.

⁵Jelema anu ku Kami kapilih, iteukna bakal sirungan. Hal ieu ku Kami rek dipake jalan ngeureunkeun gegelendengna urang Israil, ulah sina ngaralawan bae ka maneh."

⁶Musa mundutan ka urang Israil hiji iteuk ti unggal pamingpin kaom, jumlah dua welas iteuk. Iteuk Harun dicampurkeun ka dinya.

⁷Ku Musa tuluy diteundeun di Kemah Suci hareupeun Peti Perjangjian.

⁸Poe isukna sasumpingna ka Kemah, katingali iteuk Harun anu ngawakilan urang Lewi teh sirungan, pucukan, kembangan, malah buahan geus arasak, kanari!

⁹Ku Musa ditembongkeun kabeh ka urang Israil. Sanggeus katarenjoeun kitu

kajadianana, iteuk teh dicarokot deui ku nu bogana masing-masing.

¹⁰Ti dinya PANGERAN ngandika ka Musa, "Iteuk Harun teundeun deui hareupeun Peti Perjangjian, pikeun jadi peringatan ka jelema-jelema anu daroraka yen teu meunang gegelendeng deui bisi tariwas."

¹¹Eta timbalan PANGERAN ku Musa dijalankeun.

¹²Ti dinya urang Israil arunjukan ka Musa, "Upami kitu mah tiwas atuh abdi-abdi teh!

¹³Asal deukeut-deukeut ka Kemah Suci, saha bae oge moal teu tiwas. Sami bae sareng parantos tiwas ieu mah!"

18 ¹Ti dinya PANGERAN ngandika ka Harun, "Satiap kasalahan pagawean di Kemah Kami, maneh jeung anak-anak maneh katut kabeh urang Lewi anu kudu narima balukarna. Tapi anu kudu nanggung balukar tina hal-hal anu tumali jeung kaimaman mah ngan maneh jeung anak-anak maneh bae.

²Baraya-baraya maneh urang Lewi bawa ka dieu, sina digarawe babantu ka maneh sabot maneh nekanan kawajiban di Kemah Suci.

³Maranehna kudu ngalakonan kawajibana ka maneh jeung ngajalankeun tugasna di jero Kemah Kami. Tapi pacuan cubuk-cabak kana paparabotan suci nu aya di Kamar Suci atawa nyabak altar. Lamun nyabak, boh maranehna boh maneh, tan wande tiwas.

⁴Sina digarawe jeung maneh sagala pigaweeun di ieu Kemah. Tapi anu saratna teu cumpon mah teu meunang.

⁵Kamar Suci jeung altar ngan maneh jeung anak maneh anu wenang ngurus, ulah nepi ka urang Israil kasiksa deui ku Kami.

⁶Ari baraya-baraya maneh, Kami pribadi anu milihna ti urang Israil, ku Kami dipasrahkeun ka maneh. Kabeh geus diabdiikeun ka Kami, jadi meunang gawe di ieu Kemah.

⁷Tapi anu meunang mangku kaimaman pikeun ngajalankeun hal-hal anu tumali jeung altar jeung Kamar Pangscina mah ngan maneh jeung anak-anak maneh wungkul. Maneh wungkul anu tanggung jawabna, sabab ngan maneh anu ku Kami dibere harkat imam. Jelema anu henteu nyumponan saratna mun deukeut-deukeut kana paparabotan suci bakal tiwas."

⁸PANGERAN ngandika deui ka Harun, "Ingetkeun, Kami geus mere keur pibagianeun maneh tina kurban-kurban anu henteu dibeuleum, anu dijieun pikeun Kami. Kop eta bagian keur maneh jeung keur turunan maneh. Kitu salawasna.

⁹Pibagianeun maneh tina kurban-kurban pangscina anu henteu dibeuleum dina altar nya eta: tiap kurban kadaharan, kurban dosa, jeung kurban kasalahan. Sagala rupa kurban suci anu disanggakeun ka Kami, eta keur maneh jeung anak maneh.

¹⁰ Didaharna kudu di tempat suci, sabab sipatna suci. Anu meunang ngadahar ngan lalaki.

¹¹ Jaba ti eta satiap pangbakti urang Israil pikeun Kami, eta oge keur maneh, keur anak-anak maneh lalaki, awewe. Kitu salawasna. Satiap kulawarga maneh anu setra meunang ngadahar.

¹² Hasil tanah anu dialana pangheulana, anu unggal-unggal taun ku urang Israil dihaturkeun ka Kami: minyak jetun, anggur, jeung gandum,

¹³ eta oge keur maneh kabeh. Satiap anggota kulawarga maneh anu setra meunang ngadahar.

¹⁴ Sagala rupa di Israil anu geus dibaktikeun ka Kami tanpa sarat, eta oge keur maneh.

¹⁵ Sakur anak cikal, boh budak boh sato anu ku urang Israil dibaktikeun ka Kami, eta keur maneh. Ngan ari budak mah ku maneh kudu ditebus heula, kitu deui cikal sato nu haram kudu ditebus heula.

¹⁶ Budak ditebusna di mana geus umur sabulan. Gedena tebusan ditangtukeun lima gebleg uang perak nurutkeun harga patokan di Kemah Kami.

¹⁷ Cikal sapi, domba, jeung embe, teu meunang ditebus, sabab mutlak pikeun Kami, kurbankeuneun. Getihna kudu disiramkeun kana altar, gajihna kudu dibeuleum dijieun

kurban kadaharan, anu seungitna matak sedep ka Kami.

¹⁸Dagingna keur maneh, sakumaha dada jeung pingping katuhuna anu dijieu sasajen.

¹⁹Sagala rupa pangbakti urang Israil ka Kami, ku Kami geus diajangkeun pikeun maneh, pikeun anak-anak maneh lalaki, awewe. Kitu salawasna. Ieu jadi hiji katangtuan anu langgeng ti Kami pikeun maneh turun-tumurun."

²⁰PANGERAN ngandika deui ka Harun, "Maneh teu meunang ngabogaan pusaka, sarta di satanah Israil maneh teu meunang boga tanah milik. Hak milik jeung pibagianeun maneh mah ieu Kami, PANGERAN."

²¹PANGERAN ngandika deui, "Ari pibagianeun urang Lewi ku Kami diajangan jakat perpuluhan anu ku urang Israil dibaktikeun ka Kami. Eta bagian jadi bayaran tina pagaweanana di Kemah Kami,

²²da urang Israil anu lianna mah geus teu diidinan deukeut-deukeut acan ka Kemah Suci, sabab geus tangtu bakal tiwas keuna ku hukuman.

²³Jadi ti semet ayeuna anu meunang digarawe ngurus eta Kemah ngan urang Lewi bae. Eta tetep kudu kitu, jadi pikukuh langgeng pikeun maneh turun-tumurun. Di satanah Israil, urang Lewi teu meunang ngabogaan pusaka.

²⁴ Sabab bagian pimilikeyun maranehna mah nya eta jakat perpuluhan anu ku urang Israil dihaturkeun ka Kami. Eta sababna maranehna ku Kami geus dibejaan yen teu meunang baroga hak milik di Israil."

²⁵ PANGERAN ngandika ka Musa,

²⁶ pikeun urang Lewi, "Satiap maraneh narima perpuluhan ti urang Israil anu ku PANGERAN geus diajangkeun pikeun maraneh, saperpuluhna ku maraneh kudu disanggakeun ka PANGERAN.

²⁷ Eta pangbakti maraneh dianggap sarua jeung ngabaktikeun gandum jeung anggur cikal hasil lahan.

²⁸ Eta sababna sakabeh hasil perpuluhan ti urang Israil pikeun PANGERAN anu katarima ku maraneh, saperpuluhna tina eta ku maraneh kudu dibaktikeun. Eta pangbakti maraneh kudu diserenkeun ka Imam Harun.

²⁹ Anu dibaktikeun teh kudu anu pangalusna.

³⁰ Lamun anu pangalusna geus dibaktikeun, pek sesana keur maraneh, sakumaha halna patani nyokot bagian ajangna sanggeus pangbaktina disanggakeun.

³¹ Maraneh kitu deui kulawarga meunang ngadahar sesana di mana bae, sabab eta teh upah maraneh digarawe di Kemah Suci.

³² Maraneh moal matak salah ngadalahar eta bagian, asal anu pangalusna geus dibaktikeun ka PANGERAN. Pacuan maraneh nganajisan pangbakti-pangbakti suci ti urang

Israil. Tegesna, pacuan maraneh ngadahar eta pangbakti-pangbakti samemeh anu pangalusna dibaktikeun ka PANGERAN. Lamun eta dilanggar, maraneh tangtu tiwas.”

19¹ PANGERAN ngandika ka Musa jeung Harun,

²ngandikakeun ieu pikukuh pikeun urang Israil: Maraneh kudu nyokot hiji sapi bulu beureum anu euweuh cacadna jeung anu can dipake gawe.

³Serenkeun ka Imam Elasar, tuluy tungtun ka luareun pasanggrahan, peuncit saksian ku manehna.

⁴Getihna ku Elasar cokot saeutik, kepret-kepretkeun ka lebah Kemah Suci tujuh kali.

⁵Sagembengna eta sapi jeung kulit-kulitna, dagingna, getihna jeung jeroanana kudu diduruk, saksian ku Elasar.

⁶Seuneuna ku imam kudu dialungan suluh kiputri sababaraha teukteuk, hisop saranggeuy jeung tali beureum salambar.

⁷Geus kitu imam kudu nyeuseuh pakeanana tuluy ngaguyur awakna ku cai, kakara meunang asup deui ka pasanggrahan, kitu ge kakara setra deui lamun geus surup panonpoe.

⁸Anu ngaduruk sapi tea oge kudu nyeuseuh pakeanana jeung ngaguyur awakna ku cai, tapi kakara setra deui lamun geus surup panonpoe.

⁹Lebu sapi anu diduruk kudu dikeduk ku hiji jelema anu setra, teundeun di tempat anu setra di luareun pasanggrahan, keur piparantieun urang Israil nyieun cai setra pikeun nyirnakeun kanajisanana, paranti mupus dosa.

¹⁰Anu ngeduk lebuna oge kudu nyeuseuh pakeanana, sarta kakara bisa setra deui sanggeus surup panonpoe. Pikukuh ieu langgeng pikeun salawasna, boh pikeun urang Israil boh pikeun nu sejen anu harirup di Israil.

¹¹Sing saha anu antel kana mayit jadi najis tujuh poe. Kudu nyucikeun diri ku cai upacara.

¹²Dina poe katiluna ti sanggeus kanajisan jeung dina katujuh poena, kudu nyucikeun diri ku cai upacara, kakara bisa beresih deui. Upama dina katilu jeung katujuh poena henteu nyucikeun diri, eta teh najis.

¹³Saha bae anu antel kana mayit henteu nyucikeun diri, tetep najis, sabab henteu dikepretan ku cai upacara. Sarua jeung nganajisan Kemah PANGERAN, temahna moal diangken deui umat Allah.

¹⁴Upama aya anu maot di jero kemah, sakur nu araya di eta kemah waktu jelema tea maot, kitu deui anu daratang ngalayad, kabeh kanajisan salila tujuh poe.

¹⁵Wawadahan anu henteu make turub oge kanajisan.

¹⁶Jeung saha-saha anu antel kana mayit anu aya di luareun kemah, boh mayit anu dipaehan boh mayit anu paeh sawajarna, kitu keneh anu antel kana tulang-tulang jelema atawa kuburan, jadi kanajisan tujuh poe.

¹⁷Supaya najisna leungit kudu nyokot lebu sapi beureum paranti nyirnakeun dosa tea sakadarna, asupkeun kana wadah, caian ku cai beresih.

¹⁸Pikeun hal nu kahiji, nya eta lamun aya nu maot di jero kemah kudu kieu: Jelema anu henteu najis kudu nyokot hisop saranggeuy, celubkeun kana cai upara tea, tuluy kepret-kepret ka eta kemah, kana barang-barangna jeung ka jelema-jelema anu araya di dinya. Pikeun hal nu kadua, nya eta lamun aya jelema anu keuna kana mayit, atawa kana kuburan, atawa kana tulang-taleng jelema nu geus maot, kudu kieu: Jelema anu kanajisan tea kudu dikepretan ku cai upacara ku jelema anu henteu kanajisan. Carana saperti kitu keneh.

¹⁹Dina katilu jeung katujuh poena, jelema anu setra teh kudu ngepretan deui jelema anu kanajisan tea ku eta cai setra. Dina poe katujuhna ngepretanana teh baris nyetrakeun. Sanggeus anu kanajisan tea nyeuseuh pakeanana jeung nyiram maneh ku cai, sanggeus surup panonpoe baris setra deui.

²⁰ Sing saha anu kanajisan henteu nyetrakeun diri, tetep najis sabab awakna henteu dikepretan ku cai setra, matak nganajisan Kemah PANGERAN, sarta temahna moal diaku deui umat Allah.

²¹ Ieu pikukuh ku maraneh kudu digumatikeun sapapanjangna. Jelema anu ngepret-ngepretkeun cai setra tea ge kudu nyeuseuh pakeanana, sing saha anu antel kana eta cai eta jadi najis nepi ka surup panonpoe.

²² Naon-naon anu kacabak ku jelema anu kanajisan, kitu deui sing saha anu antel kana eta, jadi najis nepi ka surup panonpoe.

20¹ Dina bulan kahiji sakumna bangsa Israil narepi ka tanah gurun Sin, masanggrahan di Kades. Miryam maot sarta dikuburkeun di dinya.

² Di eta tempat teu aya cai. Seug jelema-jelema ngagimbung ka Musa jeung Harun.

³ Gegelendeng kieu, "Mending ge kapungkur teh maraot sakalian sareng nu sanesna di payuneun Kemah PANGERAN.

⁴ Kanggo naon dicandak ka ieu tanah gurun? Naha ieu teh ngarah abdi-abdi sareng pipiaraan maraot di dieu?

⁵ Naha atuh dibudalkeun ti Mesir, dicandak ka tempat sakieu balangsakna, mani teu aya naon-naon anu jadi. Bujeng-bujeng jagong, kondang, anggur, dalima, taya cai-cai acan!"

⁶Musa jeung Harun ngantunkeun eta jalma-jalma, tuluy ngaradeg di lawang Kemah Suci, bruk sarujud kana taneuh. Bray cahaya PANGERAN nembongan.

⁷PANGERAN nimbalan ka Musa,

⁸"Cokot iteuk hareupeun Peti Perjangjian. Sakumna bangsa Israil kumpulkeun ku maneh jeung Harun. Di hareupeun maranehna maneh kudu ngomong kana batu cadas itu, anu nangtung di ditu. Engke eta cadas bakal ngabijilkeun cai ngagurujug. Kitu petana maneh ngabijilkeun cai tina eta cadas pikeun ngarinum eta jelema-jelema jeung sasatoanana."

⁹Bral Musa angkat nyandak iteuk sakumaha timbalan PANGERAN.

¹⁰Sakumna bangsa Israil ku anjeunna jeung Harun dikumpulkeun hareupeun batu cadas tea. Pok Musa ngalahir, "Darengekeun, eh jelema-jelema doraka! Na Kami jeung Harun teh kudu ngabijilkeun cai tina ieu batu cadas pikeun maraneh?"

¹¹Ti dinya Musa ngangkat iteuk terus dipake ngagitik dua kali kana eta cadas, cor ti dinya bijil cai ngagolontor. Jelema-jelema ngarinum kitu deui sasatoanana.

¹²Tapi PANGERAN nyeuseul ka Musa jeung Harun, timbalana-Na, "Ku sabab maraneh kurang tuhu nganyatakeun pangawasa Kami anu suci di hareupeun bangsa Israil, maraneh moal bisa terus nungtun eta jelema-jelema

ka tanah anu ku Kami dijangjikeun pikeun maranehna."

¹³Eta kajadian teh di Meriba, tempat urang Israil gegelendeng ka PANGERAN, sarta PANGERAN di dinya nembongkeun yen Mantenna teh suci.

¹⁴Ti dinya Musa ngintun sawatara utusan ka raja Edom ti Kades. Ceuk utusan, "Aya pihatur ti tuang saderek, bangsa Israil. Anjeun langkung uninga kana kabalangsakanana,

¹⁵uninga yen karuhun urang kantos ngumbara di Mesir lami pisan. Di ditu karuhun urang teh kitu deui tuang saderek sadaya dikaniaya ku urang Mesir,

¹⁶Iajeng sasambat ka PANGERAN nyuhunkeun pitulung. Panyambatna ku PANGERAN didangu, Mantenna ngutus hiji malaikat, anu nuyun tuang saderek sadaya kaluar ti Mesir. Ayeuna tuang saderek sadaya aya di Kades, di tapel wates karajaan anjeun.

¹⁷Mugi anjeun kersa ngawidian tuang saderek ngalangkung. Tuang saderek sadaya katut ingon-ingon tangtos moal kaluar ti jalan gede, moal nyimpang ka lahan-lahan atanapi kebon-kebon anggur kagungan anjeun. Cai leueuteun oge moal ngabantun ti sumur anjeun, bade junun nyorang jalan gede bae, dugi ka kaluar ti tapel wates karajaan anjeun."

¹⁸Tapi jawab urang Edom, "Kami teu idin maraneh ngaliwat ka ieu nagara! Lamun wani-wani, ku kami rek dipapag ditarajang!"

¹⁹Ari ceuk utusan urang Israil, "Sim kuring sadaya bade nyorang jalan gede bae. Bilih bae aya jalmi atanapi ingon-ingon sim kuring anu nginum tina sumur nu aya di dieu, tangtos dibayar sapantesna. Anu disuhunkeun teh mung widi ngalangkung wungkul."

²⁰Urang Edom ngajawab, "Teu meunang!" Seug maranehna mepek balad gede pisan, tuluy kaluar rek merangan urang Israil.

²¹Ku lantaran teu diidinan ngaliwat tanah urang Edom, urang Israil nyimpang ka jalan sejen.

²²Sanggeus arindit ti Kades, sakumna bangsa Israil narepi ka Gunung Hor,

²³wates tanah Moab. Di dinya PANGERAN nimbalan ka Musa jeung Harun, kieu,

²⁴"Harun teu meunang terus ka tanah anu ku Kami rek dibikeun ka urang Israil, bakal maot di dieu, lantaran maraneh duaan basa keur di Meriba geus nyimpang tina timbalan Kami.

²⁵Harun jeung Elasar anakna ajak unggah ka Gunung Hor.

²⁶Bukaan di ditu pakean kaimaman Harun, tuluy pakekeun ka Elasar, sabab Harun kudu maot di ditu."

²⁷ Musa tumut sakumaha timbalan

PANGERAN. Tuluy arunggah ka Gunung Hor kasaksian ku sarerea.

²⁸ Di luhur gunung Musa ngalaanan panganggo kaimaman ti Harun, seug dianggokeun ka Elasar. Harun pupus di puncak eta gunung. Musa jeung Elasar lalungsur deui ti dinya.

²⁹ Sakumna bangsa Israil geus ngajudi yen Harun geus pupus, tuluy bela sungkawa tilu puluh poe lilana.

21 ¹Raja tanah Arad, urang Kanaan, di wewengkon Kanaan kidul, meunang beja yen urang Israil geus araya di jalan ka Atarim. Seug mapag merangan, malah bisa ngaboyong sababaraha urang.

²Urang Israil ngedalkeun ikrar ka PANGERAN, kieu, "Upami aya widi ti Gusti dugi ka abdi sadaya tiasa ngelehkeun eta bangsa, maranehna sareng nagara-nagarana seja mutlak dibaktikeun ka kersa Gusti, bade ditumpurkeun."

³Eta ikrar ku PANGERAN dikabul, sarta Mantenna maparin pitulung, nepi ka maranehna bisa ngelehkeun urang Kanaan, jelema-jelema jeung nagara-nagarana ditumpurkeun sama sakali. Tuluy eta tempat teh dingaranan Hormah.

⁴Ti Gunung Hor urang Israil maju ka Teluk Akaba, maksudna rek ngurilingan wewengkon

tanah Edom. Tapi di satengahing jalan maranehna leungit kasabaran,

⁵ ngabijilkeun ucap garihal ka Musa jeung ka PANGERAN, pokna, "Ku naon abdi sadaya dibudalkeun ti Mesir, sina paraeh di ieu gurun keusik anu teu aya cai teu aya dahareun? Aya ge dahareun siga kieu, bosen!"

⁶ Seug PANGERAN ngadatangkeun oray-oray matih, urang Israil rea nu datang ka paraeh diparacok.

⁷ Jalma-jalma tingkaroceak ka Musa, "Abdi-abdi rumaos dosa ka PANGERAN sareng ka Bapa. Pangnedakeun ka PANGERAN supados ieu oray-oray teh disingkirkeun!"

⁸ PANGERAN nimbalan ka Musa miwarang ngadamel oorayan tina tambaga sina dipanjer ku galah, sina dipalencrong ku nu diparacok ku oray. Anu mencrong eta tangtu moal sakara-kara.

⁹ Musa ngadamel oorayan tina tambaga tuluy dipanjer ku galah, seug dipalencrong ku anu digaregel ku oray, tuluy calageur.

¹⁰ Urang Israil maju deui, tuluy masanggrahan di Obot.

¹¹ Ti Obot maju deui, tuluy masanggrahan di ruruntuk Abarim di gurun wewengkon Moab beulah wetan.

¹² Ti dinya maju deui, tuluy masanggrahan di Lebak Sered.

¹³ Maju deui, tuluy masanggrahan di Walungan Arnon peuntas kaler di tanah gurun

anu tembus ka wewengkon urang Emor. Walungan Arnon jadi tapel wates antara wewengkon urang Moab jeung urang Emor.

¹⁴ Anu matak dina Kitab Perang PANGERAN ditulis kieu " kota Waheb di wewengkon Supa, jeung tanah-tanah landeuh; Walungan Arnon,

¹⁵ jeung barisan lamping landeuh-landeuh anu kebat ka Ar notog ka tanah Moab."

¹⁶ Ti dinya maju deui ka hiji tempat anu disebut Beer, hartina Sumur-sumur. Di dinya PANGERAN nimbalan ka Musa, "Jelema kabeh kumpulkeun, ku Kami rek dibere cai."

¹⁷ Harita urang Israil ngarawih kieu: "Eh sumur-sumur, sing bijil cai, arek dikawihkeun kieu ku kami:

¹⁸ Ieu sumur dikali ku para narpati. Jeung ku para pamingpin bangsa. Dikalina ku teteken karajaan jeung ku iteuk-iteuk kakawasaanana." Ti tanah gurun eta maranehna maju deui ka Matana.

¹⁹ Ti dinya maju deui ka Nahaliel. Ti Nahaliel terus ka Bamot.

²⁰ Ti Bamot terus ka hiji lengkob di wewengkon urang Moab, nampeu ka puncak Gunung Pisga, ngeunteung ka lempengan gurun keusik.

²¹ Geus kitu urang Israil ngirim utusan ka Sihon raja urang Emor. Pamentana:

²² "Kaula neda idin ngalangkung ka tanah Sang Raja. Kaula sadaya sareng ingon-ingon moal nyimpang ti jalan gede, moal ngacak

ka lahan-lahan atanapi kebon-kebon anggur,
moal ngala cai ti sumur, seja nyorang jalan
gede bae dugi ka kaluar ti wewengkon Sang
Raja."

²³Raja Sihon teu ngidinan urang Israil
ngaliwatan wewengkonna, kalah ka mepek
balad muru ka Yahas di tanah gurun,
merangan urang Israil.

²⁴Tapi perangna eleh, baladna loba pisan
anu paeh. Tanahna ku urang Israil dilindih
ti semet Walungan Arnon nepi ka Walungan
Yabok wates wewengkon urang Amon. Nepi
ka dinya bae, da wates wewengkon urang
Amon mah kuat.

²⁵Kota-kota urang Emor, kaasup kota
Hesbon jeung desa-desa sakurilingna dijabel
ku urang Israil sarta dicaricingan.

²⁶Hesbon teh ibukota tempat Sihon raja
urang Emor. Eta raja tadina ngelehkeun
raja Moab, raja anu ti heula, sarta ngajabel
sakuliah tanahna nepi ka Walungan Arnon.

²⁷Hal eta ku ahli dangding mah dijieun
guguritan kieu, "Yu urang ka Hesbon, kota
tempat Raja Sihon. Hayang terang menyatna
jeung pulihna deui.

²⁸Bareto ti Hesbon ngaburubul balad Sihon,
lir seuneu ngahuru kota Ar di Moab, neureuy
pasir-pasir girangeun Walungan Arnon.

²⁹Cilaka arandika urang Moab! Cilaka
arandika umat Kamos! Nu lalaki kalabur, nu

awewe diboyong ku raja Emor, ku allah-allah arandika diantep bae.

³⁰Tapi ayeuna turunan eta raja geus tumpur, dicacar sapanjang jalan ti Hesbon nepi ka Dibon ti Nasim nepi ka Nopa deukeut Medeba."

³¹Wewengkon urang Emor geus diandih ku urang Israil.

³²Geus kitu Musa miwarang nalengteng jalan geusan ngarurug ka kota Yaser. Seug eta kota jeung desa-desa sakurilingna beunang ku urang Israil. Urang Emor anu araya di dinya dibuburak.

³³Ti dinya urang Israil malik ka jalan anu ka Basan, tapi dipegat ku Raja Og sabalandna, der digempur di Edrei.

³⁴PANGERAN ngandika ka Musa, "Tong sieun-sieun ku eta raja, maneh tangtu meunang. Eta raja jeung rahayatna katut tanahna ku Kami rek diserenkeun ka maneh. Ku maneh jieun cara ka Sihon raja urang Emor anu marentah di Hesbon."

³⁵Og beunang ku urang Israil, dipaehan jeung anak-anakna katut rahayatna kabeh, hiji ge taya anu dihirupan, tanahna diandih.

22¹Urang Israil maju deui, terus masanggrahan di hiji tegalan di Moab, peuntaseun Walungan Yordan beulah wetan nyanghareup ka Yeriho.

²Barang Balak bin Sipor raja Moab ngareungeu seja hal wewesen urang Israil

ka urang Emor, jeung barang meunang beja sakumaha lobana urang Israil,

³ Balak jeung rahayatna jadi sieuneun.

⁴ Ti dinya urang Moab teh ngomong ka para pamingpin urang Midian, pokna, "Eta gorombolan teh sakeudeung deui ge datang ngaruksak ka sakurilingeun urang cara banteng nyatuan di sampalan." Geus kitu Balak

⁵ nitah ngahaturanan Balhum bin Beor anu calik di Petor deukeut Walungan Eprat di tanah Amaw. Kieu amanat Balak, "Hatur uninga, aya hiji bangsa datang ti Mesir, mani nakleuk pinuh di mana-mana ngancam rek ngajabel tanah kaula.

⁶ Bilanganana langkung seueur ti batan bilangan kaula. Ku margi kitu saderek mugikersa linggih ka kaula, pangnyapakeun eta bangsa supados kaula tiasa ngelehkeun atanapi ngabuburak. Kaula terang, manama anu diberkahan ku saderek tangtos jamuga, anu disapa ku saderek tangtos cilaka."

⁷ Utusan Moab jeung para kapala urang Midian arindit nepungan Balhum, mawa duit pikeun upah nyapa, tuluy ngunjukkeun amanat Balak.

⁸ Saur Balhum, "Marondok heula di dieu sawengi, isukan aya wartos kumaha timbalan PANGERAN ka kaula." Utusan Moab peuting eta marondok di Balhum.

⁹Allah sumping ka Balhum, mariksa, "Saha eta jelema-jelema anu marondok teh?"

¹⁰Wangsul Balhum, "Sumuhun utusan Raja Balak ti Moab, ngawartosan

¹¹yen aya hiji bangsa jebulna ti Mesir minuhan sakuliah tanahna. Sanggemna ku abdi kedah disapa supados tiasa dielehkeun atanapi diusir ti tanahna."

¹²Dawuhan Allah, "Ulah milu, jeung ulah daek nyapa ka urang Israil, sabab eta umat diberkahan ku Kami."

¹³Isukna Balhum mendakan utusan Balak sarta saurna, "Geura marulang. Kaula moal ka ditu, henteu widi ku PANGERAN."

¹⁴Para utusan marulang, pupulih ka Balak yen Balhum teu kersaeun.

¹⁵Balak ngirim deui utusan leuwih loba tur jelema-jelemana leuwih parenting ti batan nu ti heula.

¹⁶Sadaratangna ka Balhum pok ngunjukkeun amanat Balak, "Mugi saderek teu ngaraos kaabotan sumping ka kaula.

¹⁷Tangtos ku kaula dipulang tarima sapantesna, sareng naon bae sapamundut tangtos ditedunan. Ulah teu sumping, pangnyapakeun eta bangsa."

¹⁸Waler Balhum, "Masing Balak dugi ka maparin emas perak nu aya di karatonna, kaula teu werat ngalanggar dawuhan PANGERAN Allah kaula, teu wantun saeutik-eutik acan.

¹⁹ Parandene, sae karulem heula sawengi di dieu sapertos nu ti payun, manawi kaula kenging deui pituduh ti PANGERAN."

²⁰ Peutingna Allah sumping deui ka Balhum, ngandika, "Ari dikeukeuhan mah jig bae milu, tapi pilampaheun maneh kudu kumaha timbalan Kami."

²¹ Isukna Balhum nyelaan kalde, bral angkat jeung para utusan Moab.

²² Allah bendu ka Balhum dumeh Balhum ngiring ka nu ngangkir. Balhum jongjon dina tonggong kalde diiring ku dua gandek, teu uningaeun di hareup dipegatan ku malaikat PANGERAN anu ngadeg di tengah jalan.

²³ Kaldena nenjoeun di hareup aya malaikat anu ngabar pedang, tuluy nyimpang mapay tegalan. Ku Balhum digitik sina ka jalan deui.

²⁴ Malaikat megatan deui di lebah anu gupit, anu kahapit ku dua pager tembok kebon anggur.

²⁵ Katenjoeun deui ku eta kalde, seug kalde teh meped kana pager tembok nepi ka sampean Balhum ngagasruk ka dinya. Ku Balhum digitik deui.

²⁶ Sakali deui malaikat teh megatan, ngadegna di nu kacida gupitna, kenca katuhu taya lolongkrang deui.

²⁷ Kalde nenjoeun, seug kalde teh ayeuna mah ngagolerkeun maneh. Balhum seep kasabaranana, jebrod deui kalde teh digitik ku teteken.

²⁸Kersaning PANGERAN, ngong bae kalde teh bisa ngomong ka Balhum, kieu, "Na lepat naon kuring teh? Juragan dugi ka tilu kali ieu ngagitik, naon margina?"

²⁹Waler Balhum, "Salah sia ngajengkelkeun ka aing! Cacak lamun aing nyekel pedang boa sia dipodaran!"

³⁰Kalde ngajawab, "Sanes kuring teh kalde Juragan ti kapungkur, anu salamina dianggo ku Juragan? Na biasana kuring kieu peta ka Juragan teh?" "Henteu!" walerna.

³¹Ti dinya Balhum ku PANGERAN dikersakeun iasa ningali ka eta malaikat anu keur ngabarkeun pedang. Bruk Balhum sujud kana taneuh.

³²Malaikat mariksa, "Salah naon eta kalde digitikan nepi ka tilu kali ieu? Kami ngahaja megatan jalan sangkan maneh ulah laju.

³³Untung eta kalde nenjoeun ka kami nepi ka tilu kali nyisi. Cacak lamun henteu, maneh ku kami dipaahan, kalde mah moal."

³⁴Balhum ngawangsul, "Sadaya-daya rumaos dosa, sareng teu terang aya anu ngadeg megatan. Nanging bilih dimanah awon saupami teras ka ditu, sim abdi sumeja wangsul deui bae."

³⁵Tapi waler eta malaikat, "Jig bae rek diteruskeun mah. Tapi piomongeun maneh kudu kumaha timbalan kami." Balhum ngalajengkeun lampah bareng jeung jelema-jelema anu ngangkir.

³⁶ Barang Balak meunang beja yen Balhum geus aya di jalan tuluy mapagkeun ka kota Ar di wewengkon Walungan Arnon, wates tanah Moab.

³⁷ Saur Balak ka Balhum, "Ku naon kamari ieu teu sumping waktos diangkir ti payun? Bilih teu diutamikeun panginten, bilih kaula kirang panarima?"

³⁸ Waler Balhum, "Kapan ieu dongkap, geuning! Nanging bade tiasa naon ari kaula? Mung tiasa ngucapkeun naon-naon anu diandikakeun ku Allah bae."

³⁹ Balhum ku Balak dicandak ka kota Hasot.

⁴⁰ Di dinya Balak meuncit sapi jeung domba dipake mupundutan ka Balhum jeung ka para kapala anu ngangkir anjeunna.

⁴¹ Poe isukna Balhum ku Balak disampeur, tuluy dicandak ka Pasir Baal. Ti lebah dinya katingalieun ku Balhum sabagian urang Israil keur neba.

23 ¹Balhum misaur ka Balak, "Pangdamelkeun altar tujuh sareng sayagikeun sapi jalu tujuh, domba jalu tujuh."

²Ku Balak ditedunan. Balak jeung Balhum tuluy ngurbankeun eta sapi jeung domba dina altar, saaltarna hiji sapi hiji domba.

³ Geus kitu saur Balhum ka Balak, "Ieu kurban-kurban lagi heula, kaula bade ningal sumping moalna PANGERAN ka kaula. Naon-naon anu ku Mantenna diwahyukeun ka

kaula engke diwartoskeun." Ti dinya Balhum angkat nyalira ka hiji puncak pasir.

⁴Allah sumping ka dinya, seug Balhum unjukan, "Sim abdi parantos ngadegkeun kurban dina tujuh altar, saaltarna hiji sapi hiji domba."

⁵Balhum ku PANGERAN diuningaan kudu sasauran kumaha, tuluy dipiwarang ka Balak deui ngadongkapkeun timbalana-Na.

⁶Balhum nepangan deui Balak, kasampak keur ngajaga keneh kurban beuleuman jeung para kapala Moab.

⁷Ti dinya Balhum ngucapkeun wejanganana: "Kaula dihiras ku Balak, raja Moab. Diala ti Siria ti pagunungan di wetan. Carekna, Ka dieu, jadi panyambung lemek kaula. Pangnyapakeun urang Israil.

⁸Kumaha kaula rek bisa nyapa ka umat anu ku Allah henteu disapa? Kumaha kaula rek bisa ngalaknat ka umat anu ku Allah henteu dilaknat?

⁹Atra kaula nya ningal ti puncak cadas. Sidik nya nilik ti luhur pasir. Hiji bangsa nu mandiri, anu sadar yen bangsana pangdiberkahana.

¹⁰Turunan Israil tinanding keusik lobana. Moal kabilang ku loba-lobana. Mugia pati kaula asup pati umat Allah, hayang ajal jeung bagjana cara jalma nu ibadah."

¹¹Ari saur Balak, "Kumaha saderek teh? Kapan diangkir teh supaya nyapa ka musuh kaula, anggur ngaberkahana?"

¹² Waler Balhum, "Kitu anu katampi ku kaula ti PANGERAN."

¹³ Saur Balak ka Balhum, "Upami kitu urang ngalih, supaya urang Israil anu katingali mung saeutik."

¹⁴ Ti dinya Balhum diajak ka Sopim, hiji tanah lempar di puncak Gunung Pisga. Tuluy ngadegkeun deui tujuh altar sarta tuluy ngurban, saaltarna hiji sapi jalu hiji domba jalu.

¹⁵ Saur Balhum ka Balak, "Jagi ieu kurban beuleuman, kaula bade ka ditu ngadeuheus ka Allah."

¹⁶ Allah sumping ka Balhum maparin uninga pisauseun, tuluy miwarang nepangan deui Balak ngadongkapkeun sabda-Na.

¹⁷ Balhum mulih deui, Balak kasampak keur ngajaga kurbanna jeung para kapala Moab. Balak mariksakeun dawuhan Allah.

¹⁸ Seug Balhum ngedalkeun wejanganana: "Mangga Balak bin Sipor dangukeun ieu ucapan.

¹⁹ Allah tara ngabohong cara jelema, tara gumingsir kawas manusa. Mun jangji pasti ngajadi, mun nyabda pasti laksana.

²⁰ Kaula seja ngucapkeun berkah. Ku sabab Allah nu miwarangna, kaula henteu kaduga nolakna.

²¹ Geus kapeleng ku kaula kumaha Israil jagana. Bangsa nu moal sangsara nu moal

nyorang balangsak. Diaaping ku PANGERAN Allahna, anu ku maranehna diaku jadi Rajana.

²² Allah ngaluarkeun eta bangsa ti Mesir. Tur bumela jeung rosa lir banteng leuweung.

²³ Bangsa Israil moal beunang diheureuyan. Moal katepi ku sihir. Moal kasusul ku tenung. Kieu hal Israil ceuk jalma-jalma kiwari: Kanyahokeun, sakitu ahengna damel PANGERAN!

²⁴ Bangsa Israil lir singa rosa tanaga. Tacan eureun mun tacan nyasaak jeung neureuy, mun tacan nginum getih korbanna."

²⁵ Ari saur Balak ka Balhum, "Ari teu kersa mah nyapa ka urang Israil, atuh ulah-ulah ngaberkaahn!"

²⁶ Waler Balhum, "Sanggem kaula ge kaula mah darma nepikeun pangandika PANGERAN. Sanes kitu tadi teh?"

²⁷ Saur Balak ka Balhum, "Sae urang ngalih deui atuh, manawi di tempat sanes mah Allah ngawidian saderek nyapa eta bangsa."

²⁸ Balhum ku Balak dicandak ka puncak Gunung Peor anu negla ka lebah gurun keusik.

²⁹ Saur Balum ka Balak, "Ngadegkeun deui tujuh altar, sayagikeun sapi jalu sareng domba jalu tujuh-tujuh."

³⁰ Ku Balak ditedunan, tuluy dikurbankeun kana altar, saaltarna hiji sapi hiji domba.

24 ¹Tapi Balum di dinya keneh ge geus uningaeun kana pangersa PANGERAN,

yen anjeunna kudu ngucapkeun berkah pikeun urang Israil. Jadi henteu angkat milari ilapat cara ti heula. Seug malik mayun ka lebah gurun keusik.

²Breh katingalieun pasanggrahan Israil sakaomna-sakaomna. Kalawan kersaning Roh Allah,

³pok anjeunna ngedalkeun wejanganana: "Ieu wejangan ti Balhum bin Beor. Ucapan jalma anu terus tingal,

⁴nu bisa ngarungu Allah ngandika. Kieu titingalan kaula, titingalan gaib ti Allah Nu Maha Kawasa.

⁵Asri rasmi jajaran kemah Israil.

⁶Lir jajaran tangkal korma, lir taman sisi walungan, lir tangkal garu nu dipelak ku PANGERAN, lir tangkal kiputri sisi cai.

⁷Bakal cukup meunang hujan, pepelakanana moal kakurangan cai. Rajana bakal leuwih agung batan Agag, karajaanana lega tepi ka jauhna.

⁸Allah ngaluarkeun eta bangsa ti Mesir, tur bumela jeung rosa lir banteng leuweung. Kabeh musuh maranehna dilegleg, balung-balungna dipingges-pinggeskeun, gondewa-gondewana diririkes.

⁹Eta bangsa lir singa rosa tanaga, mun keur hees mo aya nu wani ngahudangkeun. Anu ngaberkahan Israil bakal diberkahan deui, anu nyapa Israil tangtu disapa deui."

¹⁰Balak ngeupeulkeun peureupna bakat ku ambek, sarta kieu saurna ka Balhum, "Andika diala teh supaya nyapa musuh kaula. Ari heug ti batan nyapa kalah ka ngaberkahan nepi ka tilu kali.

¹¹Geus, geura balik! Kami tadi geus jangji mere upah. Tapi upahna ku PANGERAN dicaram dibikeun ka maneh."

¹²Balhum ngawaler, "Ongkoh ceuk kami ge ka utusan andika,

¹³najan andika nepi ka mere emas-perak sakaraton, kami moal mungpang kana pangandika PANGERAN, moal ngagugu karep sorangan. Nu baris diucapkeun teh ngan pangandika PANGERAN wungkul."

¹⁴Balhum ngalahir deui, "Ayeuna kami rek balik, mulang ka bangsa sorangan. Tapi memeh balik rek ngabejaan bakal dikumahakeun engke bangsa andika ku bangsa Israil."

¹⁵Pok anjeunna ngucapkeun wejangan: "Ieu wejangan ti Balhum bin Beor. Ucapan jelema nu awas tingal,

¹⁶nu bisa ngarungu Allah ngandika, nu meunang wahyu ti Nu Maha Agung. Kieu tetenjoan kami, tetenjoan gaib ti Allah Nu Maha Kawasa.

¹⁷Mangsa jaga ku kami katoong, kami nenjo bangsa Israil. Ti eta bangsa mucunghul hiji raja, sumorot lir bentang, lir bentang pindah,

bijil ti Israil, bakal ngagitik kapala-kapala Moab, ngarubuh-rubuhkeun urang Set,

¹⁸ ngelehkeun musuh-musuhna di Edom, tanahna diandih milik. Ari Israil terus unggul terus nanjung.

¹⁹ Maranehna ku bangsa Israil bakal dileyek. Anu harirup keneh beak disapu."

²⁰ Dina paningal gaibna, Balhum ningali urang Amalek. Pok deui ngedalkeun wejanganana: "Ti antara kabeh, Amalek pangkuatna. Tapi ahirna eta ge bakal euweuh salalawasna."

²¹ Dina paningal gaibna Balhum ningali urang Keni, pok ngedalkeun deui wejanganana: "Tempat maneh nya keker nya weweg, reugreug lir sayang diluhur gunung karang.

²² Parandene he Keni, maneh geus tangtu rugrug, digempur ku urang Asur sarta diboyong."

²³ Balhum ngedalkeun deui ieu wejangan: "Bangsa naon itu ngabengbreng di tebeh kaler?"

²⁴ Aya aleutan kapal ti Siprus, nu bakal nalukkeun Asur jeung Eber. Tapi sabalikna, eta ge bakal carem salalanggengna."

²⁵ Sanggeus kitu Balhum tuluy mulih. Balak oge tuluy balik.

25¹ Sanggeus masanggrahan di Lebak Sitim, urang Israil mimiti maraen awewe ka urang Moab anu marukim di dinya.

²Urang Israil ku eta awewe-awewe diarajak kana pesta-pesta anu diayakeun pikeun muja allah urang Moab. Urang Israil marilu ngadahar kadaharanana, marilu nyembah ka eta allah,

³nya eta Baal di Peor. Ku sabab eta PANGERAN jadi wera,

⁴tuluy nimbalan ka Musa, "Tangkepan kabeh kapala Israil, geus ngaralawan ka Kami! Paehan hareupeun sakabeh, sangkan lemper wera Kami ka urang Israil."

⁵Ti dinya Musa miwarang logojo-logojo, saurna, "Paehan ku maraneh masing-masing, sakur jelema ti kaom maraneh anu nyembah ka Baal di Peor."

⁶Sabot jelema-jelema keur careurik hareupeun gapura Kemah PANGERAN, dumadakan aya hiji urang Israil liwat mawa awewe urang Midian terus asup ka kemahna, kasaksian ku Musa, ku sarerea.

⁷Ari Pinehas putra Elasar putu Imam Harun, barang ret ningal terus ngorejat, ceg kana tumbak,

⁸tuluy ngagidig ka kemah eta jelema, gecrok eta jelema jeung awewena dipanggang ku tumbak, parat duanana. Reg balahi ka urang Israil kandeg.

⁹Tapi geus katalanjuran, geus loba anu paraeh mani dua puluh opat rebu urang.

¹⁰PANGERAN ngandika ka Musa,

¹¹ "Pinehas anak Elasar incu Harun geus nyirnakeun wera Kami ka urang Israil. Teu mere ampun ka nu nyembah ka allah sejen lian ti ka Kami. Ku sabab kitu urang Israil ku Kami henteu terus dibeakkeun sanajan manah Kami ngentab panas.

¹² Bejakeun ka Pinehas, Kami rek ngadamel perjangjian ka manehna, langgeng moal barobah.

¹³ Ku sabab sakitu gumatina, henteu mere ampun ka satru Kami, nepi ka Kami kersa mere ampun kana kasalahan bangsa Israil, manehna turun-tumurun bakal jaradi imam."

¹⁴ Anu dipaehan jeung awewe urang Midian teh ngaranna Simri bin Salu, kapala hiji warga kaom Simeon.

¹⁵ Nu awewe ngaranna Kosbi, bapa eta awewe ngaranna Sur, kapala salah sahiji kaom Midian.

¹⁶ PANGERAN ngandika deui ka Musa,

¹⁷ "Urang Midian tarajang, tumpurkeun,

¹⁸ (25-17b) sabab geus dosa merdayakeun ka maraneh di Peor, jeung ku sabab Kosbi anu dipaehan waktu keur aya balahi di Peor."

26 ¹ Sanggeus balahi nu tadi, PANGERAN ngandika ka Musa jeung Elasar putra Harun. Pangandika-Na,

² "Urang Israil cacahkeun, nurutkeun ahli karuhun masing-masing, anu umurna dua puluh taun atawa leuwih, anu geus manjing jadi prajurit."

³(26: 3-4) Ku Musa jeung Elasar jalma-jalma nu umurna sakitu sina kumpul di hiji tanah lapang di Moab, sisi Walungan Yordan deukeut kota Yeriho. Ieu catetan urang Israil anu budal ti Mesir.

⁴(26: 3)

⁵Turunan ti kaom Rubin putra cikal Yakub: Kaom-kaom Hanok, Palu,

⁶Hesron, jeung Karmi.

⁷Ti ieu kaom-kaom, lalakina aya 43.730 urang.

⁸Turunan Palu nya eta Eliab

⁹jeung anak-anakna: Nemuel, Datam, jeung Abiram. (Datam jeung Abiram teh dua kapala anu dipilih ku urang Israil, anu nangtang ka Musa jeung Harun bariluk ka Korah ngalawan ka PANGERAN,

¹⁰sarta tariwas jeung Korah dilegleg ku taneuh bareng jeung 250 urang anu bariluk ka maranehna sarta tariwas ku seuneu. Eta kajadian jadi hiji peringatan ka urang Israil.

¹¹Tapi anak-anak Korah mah henteu kabawa tiwas.)

¹²Turunan ti kaom Simeon: Kaom-kaom Nemuel, Yamin, Yakin,

¹³Serah, jeung Saul.

¹⁴Lalakina aya 22.200 urang.

¹⁵Turunan ti kaom Gad: Kaom-kaom Yepon, Hagi, Suni,

¹⁶Osni, Eri,

¹⁷Arod, jeung Areli.

¹⁸Lalakina aya 40.500 urang.

¹⁹(26: 19-21) Turunan ti kaom Yuda:

Kaom-kaom Sela, Peres, Serah, Hesron, jeung Hamul. (Aya dua putra Yuda anu tilar dunya di Kanaan, nya eta Er jeung Onan.)

²⁰(26: 19)

²¹(26: 19)

²²Lalakina aya 76.500 urang.

²³Turunan ti kaom Isaskar: Kaom-kaom Tola, Puah,

²⁴Yasub, jeung Simron.

²⁵Lalakina aya 64.300 urang.

²⁶Turunan ti kaom Sebulun: Kaom-kaom Sered, Elon, jeung Yahlel.

²⁷Lalakina aya 60.500 urang.

²⁸Turunan ti kaom Yusup, ti putrana anu ngaran Menase jeung Epraim.

²⁹Turunan ti kaom Menase: Menase puputra Mahir, Mahir puputra Gilad. Turunan Gilad nya eta:

³⁰Kaom-kaom Ieser, Helek,

³¹Asriel, Sekem,

³²Semida, jeung Heper.

³³Heper puputra Selopehad, ari Selopehad anakna awewe kabeh, ngaranna: Mahla, Noa, Hogla, Milka, jeung Tirsa.

³⁴Lalakina aya 52.700 urang.

³⁵Anak incu ti kaom Epraim: Kaom-kaom Sutelah, Beker jeung Tahan.

³⁶Ti turunan Sutelah nya eta kaom Eran.

³⁷ Lalakina aya 32.500 urang. Eta catetan kaom-kaom ti putra putu Yusup.

³⁸ Anak incu ti kaom Binyamin: Kaom-kaom Bela, Asbel, Ahiram,

³⁹ Sepupam, jeung Hupam.

⁴⁰ Ari turunan Bela nya eta kaom Arda jeung kaom Naaman.

⁴¹ Lalakina aya 45.600 urang.

⁴² Anak incu ti kaom Dan: Suham.

⁴³ Lalakina aya 64.400 urang.

⁴⁴ Anak incu ti kaom Aser: Kaom-kaom Yimna, Yiswi, jeung Beria.

⁴⁵ Ari turunan Beria nya eta kaom Heber jeung kaom Malkiel.

⁴⁶ Aser boga anak awewe ngaranna Serah.

⁴⁷ Jumlah lalaki ti ieu kaom-kaom aya 53.400 urang.

⁴⁸ Anak incu ti kaom Naptali: Kaom-kaom Yahsel, Guni,

⁴⁹ Yeser, jeung Silem.

⁵⁰ Lalakina aya 45.400 urang.

⁵¹ Jumlah lalaki urang Israil kabeh aya 601.730 urang.

⁵² PANGERAN ngandika deui ka Musa,

⁵³ "Tanah teh bagi-bagikeun ka ungal kaom nurutkeun ukuran cacah jiwana.

⁵⁴ (26: 54-56) Ngabagikeunana kudu ku lotre. Bagian anu lega bikeun ka kaom anu cacah jiwana loba, bagian anu heureut bikeun ka kaom anu cacah jiwana saeutik."

⁵⁵ (26: 54)

⁵⁶(26: 54)

⁵⁷Anak incu ti kaom Lewi nya eta kaom-kaom Gerson, Kahat, jeung Merari.

⁵⁸Ari turunan ti maranehna kaasup oge kaom-kaom Libni, Hebron, Mahli, Musi, jeung Korah. Ari Kahat teh nya eta ramana Amram.

⁵⁹Amram nikah ka Yokebed binti Lewi, anu dilahirkeunana di Mesir. Putra Amram ti Yokebed anu pameget nya eta Harun jeung Musa, anu istri Miryam.

⁶⁰Harun kagungan opat putra pameget nya eta Nadab, Abihu, Elasar, jeung Itamar.

⁶¹Nadab jeung Abihu tiwas lantaran ngukus ka PANGERAN ku seuneu nu henteu halal.

⁶²Jalma lalaki urang Lewi ti umur sabulan ka luhur aya 23.000 urang. Didaptarna dipisah ti urang Israil nu lian, sabab ieu mah moal mareunang tanah milik di Israil.

⁶³Dicacahkeunana ku Musa jeung Elasar waktu nyacahkeun urang Israil di hiji tanah lapang di Moab, sisi Walungan Yordan deukeut kota Yeriho.

⁶⁴Ari jelema-jelema anu dicacahkeun ku Musa jeung Harun basa di Gurun Keusik Sinai keneh, harita geus teu araya.

⁶⁵Kajaba ti Caleb bin Yepune jeung Yosua bin Nun. Nu sejenna mah geus paraeh di tanah gurun. Kitu kersaning PANGERAN, sakumaha timbalana-Na.

27 ¹Aya hiji jalma lalaki, ngaranna Selopehad bin Heper, turunan Yusup.

Jujutan silsilahna ti luhur kieu: Yusup, Menase, Mahir, Gilad, Heper, Selopehad. Manehna boga anak awewe ngaranna Ahla, Noa, Hogla, Milka, jeung Tirsa. Eta anak-anakna teh

²ngadareuheus ka Musa, Imam Elasar, para kapala, jeung ka sakumna bangsa Israil, di gapura Kemah PANGERAN. Arunjukan kieu,

³"Pun bapa parantos tiwas di tanah gurun, henteu gaduh anak lalaki. Dupi tiwasna henteu bareng sareng anu marilu ka Korah anu ngalawan ka PANGERAN, tiwasna ku margi dosana bae.

⁴Ku naon ngaran pun bapa kedah leungit ti Israil mung ku karana teu gaduh anak lalaki? Atuh abdi-abdi oge paparin tanah milik sapertos wargi-wargi pun bapa anu sanesna."

⁵Eta perkara ku Musa disanggakeun ka PANGERAN.

⁶Ari timbalan PANGERAN ka anjeunna,

⁷"Pamenta anak-anak Selopehad layak. Pek bere tanah milik saperti baraya-baraya bapana nu lian. Pusaka pikeun bapana wariskeun ka maranehna.

⁸Jeung umumkeun ka jalma rea yen upama bapa paeh teu ninggalan anak lalaki, tanah milikna kudu diwariskeun ka anakna anu awewe.

⁹Upama anak awewe ge teu boga, wariskeun ka dulurna nu lalaki.

¹⁰Upama teu boga dulur lalaki, kudu diwariskeun ka dulur-dulur lalaki bapana.

¹¹Upama bapana teu bogaeun dulur lalaki, sarta paman oge henteu boga, kudu diwariskeun ka baraya pangdeukeutna, sina jadi hak milikna. Ieu aturan sahkeun, sarta kudu digarumatikeun ku urang Israil. Kitu diaturna ku Kami, PANGERAN."

¹²PANGERAN ngandika deui ka Musa, "Maneh kudu unggah ka Gunung Abarim. Awas-awas ti dinya tanah anu ku Kami rek dibikeun ka urang Israil teh.

¹³Upama eta enggeus ka tenjo, maneh ku Kami bakal dipundut sakumaha Harun lanceuk maneh,

¹⁴Iantaran maraneh basa keur di tanah gurun Sin kungsi ngalawan ka Kami. Harita, basa sakumna bangsa Israil gegelendeng ka Kami di Meriba, maneh henteu ngajalankeun sakumaha timbalan Kami, teu nembongkeun pangawasa Kami anu suci ka maranehna." (Meriba teh hiji cinyusu di Kades, di tanah gurun Sin.)

¹⁵Musa nyanggakeun panuhun,

¹⁶"Nun GUSTI Allah, Sumber hirupna sugri anu kumelip, mugi nuduhkeun keur gegentosna anu bakal nungtun urang Israil,

¹⁷anu bakal ngapalaan dina perang, supados umat Gusti ulah dugi ka sapertos domba teu aya nu ngangon."

¹⁸Timbalan PANGERAN ka Musa, "Yosua bin Nun layak pikeun ngaganti. Tumpangkeun leungeun maneh kana sirahna

¹⁹hareupeun Imam Elasar, kasaksian ku sapakumpulan. Tuluy umumkeun di dinya yen manehna pikeun gaganti maneh.

²⁰Sawatara kakawasaan maneh turunkeun ka manehna supaya urang Israil tunduk kana parentahna.

²¹Pikeun nganyahokeun naon-naon pangersa Kami, Yosua kudu gumantung ka Imam Elasar, anu baris nanyakeun ka Kami make Urim jeung Tumim. Ku hal eta Elasar kudu nuduhan Yosua dina sagala urusan perkara urang Israil umumna."

²²Sakumaha timbalan PANGERAN ku Musa dilaksanakeun. Yosua dicandak sina nangtung payuneun Imam Elasar kasaksian ku sakumna bangsa Israil,

²³seug ku anjeunna ditumpangan panangan sarta diumumkeun yen bakal jadi gaganti anjeunna, sakumaha timbalan PANGERAN tea.

28 ¹PANGERAN ngandika ka Musa,
²miwarang marentahkeun ka urang Israil yen kudu ngahaturkeun kurban-kurban kadaharan anu matak nyukakeun manah Allah, dina saban-saban waktu anu geus baku.

³Kurban-kurban kadaharan anu kudu dihaturkeun teh nya eta: kurban beuleuman,

saban poe dua anak domba jalu umur sataun
anu taya cacadna naon-naon.

⁴Dikurbankeunana isuk-isuk hiji, pabuburit
hiji,

⁵tiap-tiapna kudu bari ngahaturkeun tipung
sakilo anu diadonan ku saliter minyak jetun
anu pangalusna.

⁶Kitu anu kudu dihaturkeun saban poe sarta
kabeh kudu dibeuleum. Nya kurban kitu anu
pangheulana dihaturkeun di Gunung Sinai
teh, angseuna nyukakeun manah PANGERAN.

⁷Anak domba anu dikurbankeun isuk-
isuk kudu jeung kurban anggur saliter,
dikucurkeun kana altar.

⁸Sorena kurbankeun domba anu hiji deui
 cara kurban anu isuk-isuk, dibarengan
ku cianggur. Eta oge kurban kadaharan,
angseuna baris kagalih ku PANGERAN.

⁹Saban poe Sabat kudu ngurbankeun dua
anak domba jalu umur sataun anu taya
cacadna naon-naon. Kudu make kurban
kadaharan, tipung dua kilo diadonan ku
minyak jetun, jeung kurban anggur.

¹⁰Ieu kurban beuleuman dihaturkeunana
kudu saban poe Sabat, jadi panambah
kana kurban sapopoe, bareng jeung kurban
cianggurna.

¹¹Unggal tanggal hiji tiap bulan kudu
ngahaturkeun ka PANGERAN keur kurban
beuleuman: dua sapi jalu ngora, hiji domba

jalu, tujuh anak domba jalu anu sataunan, kabeh ulah aya cacad naon-naon.

¹²Pikeun kurban kadaharanana tipung diadonan ku minyak jetun, reana: tilu kilo pikeun tiap sapi, dua kilo pikeun domba,

¹³sakilo pikeun tiap anak domba. Ieu kabeh kurban beuleuman teh jadi kurban kadaharan, angseuna matak sedep ka PANGERAN.

¹⁴Kudu make kurban anggur, dua liter pikeun tiap sapi, saliter satengah pikeun tiap domba, saliter pikeun tiap anak domba. Kitu pikukuh kurban beuleuman unggal-unggal tanggal hiji saban bulan, sapanjang taun.

¹⁵Jeung pikeun panambah kana kurban beuleuman anu sapopoe, kudu ngurbankeun hiji embe badot pikeun kurban dosa make kurban anggur.

¹⁶Pesta Paska diayakeunana dina tanggal opat welas bulan kahiji, pikeun ngamulyakeun ka PANGERAN.

¹⁷Dina tanggal lima welasna kudu ngamimitian pesta kaagamaan anu lilana tujuh poe. Sajeroning kitu dahar teh kudu roti anu teu make ragi.

¹⁸Dina poean mimiti kudu ngadegkeun kumpulan ngabakti, jeung teu meunang digarawe.

¹⁹Kudu mupundutan ka PANGERAN kurban beuleuman anu dijieun kurban kadaharan, nya eta: dua sapi jalu ngora, hiji domba jalu,

jeung tujuh anak domba jalu umur sataunan,
kabeh ulah aya cacadna naon-naon.

²⁰Kurban kadaharanana kudu make tipung
anu diadonan ku minyak jetun, reana: Pikeun
tiap sapi tilu kilo, pikeun domba jalu dua kilo,

²¹pikeun tiap domba sakilo.

²²Kudu jeung kurban pamupus dosa, nya
eta hiji embe badot, pikeun nyirnakeun dosa
jalma rea.

²³Eta kurban-kurban teh jadi panambah
kana kurban beuleuman anu saban isuk tea.

²⁴Jeung salila tujuh poe eta kudu
ngahaturkeun kurban kadaharan baris
aangseuan anu matak sedep ka PANGERAN,
keur panambah kana kurban beuleuman
jeung kurban anggur anu sapopoe.

²⁵Dina katujuh poena kudu ngadegkeun deui
kumpulan ngabakti sarta henteu meunang
digarawe.

²⁶Dina Pesta Panen poe kahiji, bari
nyanggakeun gandum anyar ka PANGERAN,
maraneh kudu ngadegkeun kumpulan
ngabakti jeung teu meunang digarawe.

²⁷Poe eta kudu nyanggakeun kurban
beuleuman pikeun aangseuan anu matak
sedep ka PANGERAN, nya eta: dua sapi jalu
ngora, hiji domba jalu, jeung tujuh anak
domba jalu anu umur sataunan, kabeh ulah
aya cacadna naon-naon.

²⁸Kudu make kurban kadaharan tina tipung anu diadonan ku minyak jetun, reana: Pikeun tiap sapi tilu kilo, pikeun tiap domba dua kilo,

²⁹pikeun tiap anak domba sakilo.

³⁰Jeung kudu make kurban dosa pikeun nyirnakeun dosa jalma rea, hiji embe badot. Ku cara kitu maraneh ngajalankeun upacara mupus dosa umat.

³¹Eta kurban-kurban jeung kurban cianggurna jadi panambah kana kurban beuleuman jeung kurban kadaharan anu sapopoe.

29¹Dina tanggal hiji bulan katujuh maraneh kudu ngadegkeun kumpulan ngabakti jeung teu meunang digarawe. Poe eta tarompet-tarompet kudu ditiup.

²Kudu ngahaturkeun kurban beuleuman baris aangseuan anu matak sedep ka PANGERAN: hiji sapi jalu ngora, hiji domba jalu, jeung tujuh anak domba jalu umur sataunan, kabeh ulah aya cacadna naon-naon.

³Kudu make kurban kadaharan tina tipung anu diadonan ku minyak jetun, reana: tilu kilo pikeun sapi, dua kilo pikeun domba jalu,

⁴sakilo pikeun tiap anak domba.

⁵Jeung kudu make kurban pamupus dosa pikeun nyirnakeun dosa jalma rea, hiji embe badot.

⁶Sanggakeun eta kurban-kurban teh, jadi panambah kana kurban beuleuman, kurban

anggur jeung kurban kadaharan anu sapopoe,
pikeun aangseuan anu matak sedep ka
PANGERAN.

⁷ Dina tanggal sapuluh bulan katujuh
kudu ngadegkeun kumpulan ngabakti, teu
meunang barang dahar naon-naon jeung teu
meunang digarawe.

⁸ Kudu nyanggakeun kurban beuleuman
pikeun aangseuan anu matak sedep ka
PANGERAN, nya eta: hiji sapi jalu ngora, hiji
domba jalu, jeung tujuh anak domba jalu
umur sataunan, kabeh ulah aya cacadna
naon-naon.

⁹ Kudu make kurban kadaharan tina tipung
anu diadonan ku minyak jetun, reana: tilu
kilo pikeun sapi, dua kilo pikeun domba,

¹⁰ sakilo pikeun tiap anak domba.

¹¹ Jeung deui kudu ngahaturkeun embe jalu
hiji pikeun upacara pamupus dosa umat,
sajaba ti kurban pamupus dosa, kurban
beuleuman, kurban asongan jeung kurban
cianggur anu dihaturkeun dina poe eta.

¹² Dina tanggal lima welas bulan katujuh
kudu ngadegkeun kumpulan ngabakti. Ieu
pesta pikeun ngamulyakeun PANGERAN,
lilana tujuh poe jeung teu meunang digarawe.

¹³ Dina poe ngamimitianana kudu
nyanggakeun kurban kadaharan pikeun
aangseuan anu matak sedep ka PANGERAN,
nya eta: Tilu welas sapi ngora jalu, dua
domba jalu, jeung opat welas anak domba

jalu umur sataunan, kabeh ulah aya cacadna naon-naon.

¹⁴Kudu make kurban kadaharan tina tipung anu diadonan ku minyak jetun, reana: tilu kilo pikeun tiap sapi, dua kilo pikeun tiap domba,

¹⁵sakilo pikeun tiap anak domba, ditambah ku kurban anggur.

¹⁶Jeung kudu make kurban pamupus dosa, hiji embe badot. Sanggakeun eta kurban-kurban teh pikeun panambah kana kurban beuleuman, kurban kadaharan jeung kurban anggur anu sapopoe.

¹⁷Poe kaduana kudu nyanggakeun dua welas sapi jalu ngora, dua domba jalu, jeung opat welas anak domba jalu umur sataunan, kabeh ulah aya cacadna naon-naon.

¹⁸(29: 18-19) Jaba ti eta kudu make kurban-kurban sejen saperti anu disanggakeun dina poe kahiji.

¹⁹(29: 18)

²⁰Poe katiluna kudu nyanggakeun sawelas sapi jalu ngora, dua domba jalu, jeung opat welas anak domba jalu umur sataunan, kabeh ulah aya cacadna naon-naon.

²¹(29: 21-22) Jaba ti eta kudu make kurban-kurban sejen saperti anu disanggakeun dina poe kahiji.

²²(29: 21)

²³Poe kaopat kudu nyanggakeun sapuluh sapi jalu ngora, dua domba jalu, jeung opat

welas anak domba jalu umur sataunan, kabeh ulah aya cacadna naon-naon.

²⁴ (29: 24-25) Jaba ti eta kudu make kurban-kurban sejen saperti anu disanggakeun dina poe kahiji.

²⁵ (29: 24)

²⁶ Poe kalima kudu nyanggakeun salapan sapi jalu ngora, dua domba jalu, jeung opat welas anak domba jalu umur sataunan, kabeh ulah aya cacadna naon-naon.

²⁷ (29: 27-28) Jaba ti eta kudu make kurban-kurban sejen saperti anu dikurbankeun dina poe kahiji.

²⁸ (29: 27)

²⁹ Poe kageneb kudu nyanggakeun dalapan sapi jalu ngora, dua domba jalu, jeung opat welas anak domba jalu umur sataunan, kabeh ulah aya cacadna naon-naon.

³⁰ (29: 30-31) Jaba ti eta kudu make kurban-kurban sejen saperti anu dikurbankeun dina poe kahiji.

³¹ (29: 30)

³² Poe katujuh kudu nyanggakeun tujuh sapi jalu ngora, dua domba jalu, jeung opat welas anak domba jalu umur sataunan, kabeh ulah aya cacadna naon-naon.

³³ (29: 33-34) Jaba ti eta kudu make kurban-kurban sejen saperti anu dikurbankeun dina poe kahiji.

³⁴ (29: 33)

³⁵ Poe kadalapan kudu ngadegkeun kumpulan ngabakti, jeung teu meunang digarawe.

³⁶ Kudu nyanggakeun kurban beuleuman pikeun aangseuan anu matak sedep ka PANGERAN: hiji sapi jalu ngora, hiji domba jalu, jeung tujuh anak domba jalu umur sataunan, kabeh ulah aya cacadna naon-naon.

³⁷ (29: 37-38) Jaba ti eta kudu make kurban-kurban saperti anu dikurbankeun dina poe kahiji.

³⁸ (29: 37)

³⁹ Kitu pikukuhna hal kurban beuleuman, kurban kadaharan, kurban anggur, jeung kurban panarima anu ku maraneh kudu disanggakeun ka PANGERAN dina saban-saban poe pesta maraneh. Eta kabeh jadi panambah kana kurban pikeun nekanan panadaran jeung kurban ku karana andon suka.

⁴⁰ Sagala timbalan PANGERAN tea ku Musa diumumkeun ka sakumna urang Israil.

30¹ Musa ngumumkeun ieu parentah-parentah pikeun para kapala kaom-kaom Israil:

² Upama aya anu kaluar nadar seja barang sanggakeun ka PANGERAN, atawa sumpah turun pacaduan, sagala anu diikrarkeunana teu meunang dicabut deui, kudu ditekanan.

³Budak parawan anu cicing di bapana keneh, lamun nyieun panadaran seja barang sanggakeun ka PANGERAN, atawa sumpah turun pacaduan,

⁴sagala anu diikrarkeun dina panadarana kitu deui sumpah pacaduanana kudu ditekanan, kajaba lamun bapana ngadengeeun seug henteu panujueun.

⁵Lamun bapana sanggeus nyahoeun seug henteu nyatujuan kana panadarana, eta panadarana henteu kudu ditekanan, sarta ku PANGERAN ge baris dihampura lantaran bapana henteu satuju.

⁶Awewe anu keur tacan kawinna ngucapkeun panadaran, boh niat enya-enya boh sambarangan kitu bae, atawa sumpah turun pacaduan, geus kitu heug kawin,

⁷sagala anu diikrarkeun dina panadarana kitu deui sumpah pacaduanana kudu ditekanan, kajaba lamun salakina sanggeus ngadenge hal eta henteu satujueun.

⁸Lamun salakina sanggeus ngadenge hal eta henteu satujueun, henteu kudu, ditekanan, sarta ku PANGERAN ge baris dihampura.

⁹Randa atawa awewe anu geus ditalak, sagala anu diikrarkeun dina panadarana atawa sumpah pacaduanana kudu ditekanan.

¹⁰Awewe anu boga salaki seug boga panadaran atawa sumpah turun pacaduan,

¹¹kudu nekanan sagala anu diikrarkeun dina panadarana atawa sumpah pacaduanana,

kajaba lamun salakina sanggeus nyahoeun hal eta henteu nyatujuan.

¹² Lamun salakina sanggeus nyahoeun seug henteu nyatujuan kana panadaranana, henteu kudu ditedunan. Ku PANGERAN ge bakal dihampura, lantaran dicegah ku salakina.

¹³ Salakina boga hak neguhkeun atawa ngabatalkeun panadaranana atawa sumpah pacaduanana.

¹⁴ Tapi upama sanggeus ngadengeeun panadaranana henteu terus ngalarang naon-naon, eta panadaran atawa sumpah pacaduanana teh kudu ditedunan. Upama salakina dina poean ngadenge eta panadaran teh henteu terus ngalarang, eta sarua jeung nguatkeun panadaran pamajikanana.

¹⁵ Tapi upama saterusna salakina teh ngabatalkeun panadaran pamajikanana, balukarna baris keuna ka salakina, lantaran geus ngabatalkeun eta panadaran.

¹⁶ Kitu pikukuh ti PANGERAN anu diandikakeun ka Musa ngeunaan panadaran-panadaran anu diucapkeun ku awewe anu can boga salaki anu cicing di bapana keneh, kitu deui pikeun awewe anu geus boga salaki.

31 ¹PANGERAN ngandika ka Musa,
²"Bales bangsa Midian, lantaran tina kalakuanana ka Israil. Sanggeus perang beres, maneh ku Kami bakal dipundut."

³Seug Musa marentah ka urang Israil,
"Geura darangdan, perangan urang Midian,
ngabales kalakuanana ka PANGERAN.

⁴Tiap kaom kudu nginditkeun sarebu
prajurit."

⁵Dua welas rebu prajurit geus sadia perang,
ti saban kaom sarebu prajurit.

⁶Ku Musa terus diinditkeun, dipingpin
ku Pinehas putra Imam Elasar anu nyikep
pakakas suci jeung tarompet-tarompet pikeun
mere tangara.

⁷Der Midian ditarajang sakumaha timbalan
PANGERAN, lalakina kabeh dipaehan,

⁸kaasup lima urang raja Midian: Ewi, Rekem,
Sur, Hur, jeung Reba. Anak lalaki Balhum bin
Beor oge dipaehan.

⁹Awewe-awewe jeung barudak diboyong,
ingon-ingon sapi, domba jeung sagala harta
bandana ku urang Israil dijarah,

¹⁰kota-kota jeung kampung-kampungna
dihuru.

¹¹Barang-barang jaranan, para boyongan
jeung ingon-ingonna dibawa balik,

¹²sanggakeuneun ka Musa, Elasar
jeung sakumna bangsa Israil anu keur
masanggrahan di hiji tanah lempar di Moab
peuntaseun Walungan Yordan deukeut kota
Yeriho.

¹³Musa, Elasar, jeung para kapala lianna
kaluar ti pasanggrahan mapag balad anu
mulang.

¹⁴Tapi perwira-perwirana, para pamingpin pasukan jeung para pamingpin prajurit ku Musa diseuseul,

¹⁵saurna, "Ku naon eta awewe-awewe teh diharirupan?

¹⁶Kapan maranehna anu geus nyasabkeun urang di Peor teh ku tarekahna Balhum, nepi ka bangsa urang murtad ti PANGERAN, balukarna umat PANGERAN cilaka ku balahi.

¹⁷Ku sabab kitu, barudak lalaki jeung awewe-awewe anu geus disorang ku lalaki paehan kabeh!

¹⁸Barudak awewe jeung parawan-parawanna hirupan ajang maraneh.

¹⁹Ayeuna sakur anu tas maehan atawa tas antel kana mayit, saheulaanan kudu tetep di luar pasanggrahan, tujuh poe lilana. Mun geus tilu poe jeung dina katujuh poena kudu susuci. Awewe-awewe boyongan oge kudu disucikeun heula.

²⁰Jaba ti susuci awak, papakean jeung barang-barang tina kulit, tina bulu embe atawa tina kai kudu disucikeun."

²¹Ti dinya Elasar sasauran ka para prajurit, "Kieu pikukuh ti PANGERAN anu diandikakeun ka Bapa Musa:

²²(31: 22-23) Sakabeh barang anu tahan ku seuneu kayaning emas, perak, parunggu, beusi, timah bodas jeung timah hideung, kudu disucikeun, nya eta dideangkeun kana

seuneu. Sagala barang kudu disucikeun ku cai upacara paranti nyucikeun.

²³(31: 22)

²⁴Dina poe katujuhna kudu nyareuseuh pakean. Geus kitu kakara maraneh saletra deui sarta meunang arasup ka pasanggrahan."

²⁵PANGERAN ngandika deui ka Musa,

²⁶"Barang-barang jaranan, kaasup oge para boyongan jeung sasatoanana, itung ku maneh jeung Elasar jeung para kapala lianna.

²⁷Tuluy bagi dua, sagalana sing sarua. Nu sabagian bikeun ka para prajurit, sabagian deui bikeun ka jalma rea.

²⁸Anu para prajurit kudu dicuke haturkeuneun ka PANGERAN, tina tiap lima ratus jelema boyongan cokot saurang. Kitu keneh halna ngeunaan sapi, kalde, domba, jeung embe.

²⁹Serenkeun ka Imam Elasar keur pangbakti husus ka PANGERAN.

³⁰Cuke tina bagian jalma rea, tiap lima puluh jalma boyongan cokot saurang. Kitu keneh halna ngeunaan sapi, kalde, domba jeung embe. Serenkeun ka urang Lewi anu digarawe di Kemah PANGERAN."

³¹Sagala timbalan PANGERAN ku Musa jeung Elasar dijalankeun.

³²(31: 32-35) Ieu daptar jaranan para prajurit, kajaba ti anu jadi bagianana

sorangan: 675.000 domba jeung embe,
72.000 sapi, 61.000 kalde, 32.000 parawan.

33 (31: 32)

34 (31: 32)

35 (31: 32)

36 (31: 36-40) Sanggeus dibagi dua bagian,
bagian para prajurit nya eta 337.500
domba jeung embe, dicokot 675 pikeun
haturkeuneun ka PANGERAN; 36.000 sapi anu
prajurit dicokot 72 keur pangbakti husus ka
PANGERAN; 30.500 kalde anu prajurit dicokot
61 keur pangbakti husus ka PANGERAN,
jeung 16.000 parawan anu prajurit dicokot 32
urang keur pangbakti husus ka PANGERAN.

37 (31: 36)

38 (31: 36)

39 (31: 36)

40 (31: 36)

41 Eta pangbakti husus ku Musa diserenkeun
ka Imam Elasar supaya disanggakeun ka
PANGERAN sakumaha timbalan Mantenna.

42 (31: 42-46) Bagian jalma rea oge lobana
sarua jeung bagian para prajurit: 337.500
domba jeung embe, 36.000 sapi, 30.500
kalde, jeung 16.000 parawan.

43 (31: 42)

44 (31: 42)

45 (31: 42)

46 (31: 42)

47 Tina tiap 50 urang jalma boyongan ku
Musa dicandak saurang, kitu keneh halna

ngeunaan sasatoan, sarta sakumaha timbalan PANGERAN ku anjeunna diserenkeun ka urang Lewi anu digarawe di Kemah PANGERAN.

⁴⁸ Geus kitu para perwira anu mingpin para prajurit ngadareuheus ka Musa,

⁴⁹ nyanggakeun laporan, "Bapa, para prajurit cangkingan abdi sadaya parantos dietang, berekah hiji ge teu aya nu kasambut.

⁵⁰ Ku margi kitu ieu abdi-abdi masing-masing nyanggakeun perhiasan-perhiasan tina emas, rupi kilat bahu, pinggel, lelepen, anting sareng kangkalung. Seja kasanggakeun ka pangersa PANGERAN, tawis tumarima rehing Mantenna parantos nangtayungan nyawa abdi-abdi, dugi ka sadayana wilujeng teu sawios-wios."

⁵¹ Eta emas anu geus jadi perhiasan-perhiasan ku Musa jeung Elasar ditampi.

⁵² Tuluy dibilang, beuratna meh 200 kilogram.

⁵³ Ari nu lain perwira mah beubeunanganana teh ngan keur masing-masing dirina bae.

⁵⁴ Barang-barang anu disanggakeun ku para perwira ku Musa jeung Elasar dicandak ka Kemah Suci, supaya PANGERAN kersa ngaraksa ka urang Israil.

32 ¹Kaom Rubin jeung kaom Gad boga ingon-ingon kacida lobana. Barang narenjo tanah Yaser jeung tanah Gilad kacida alusna pikeun ingon-ingon,

²tuluy ngadareuheus ka Musa, Elasar jeung para kapala lianna, sarta arunjukan,

³(32: 3-4) "Nun, ieu wewengkon parantos kacepeng ku urang Israil berkah pitulung PANGERAN. Tanah-tanah Atarot, Dibon, Yaser, Nimra, Hesbon, Elale, Sibma, Nebo sareng Beon, kalintang saena kangge ingon-ingon. Ku margi abdi-abdi gaduh ingon-ingon sakitu seueurna,

⁴(32: 3)

⁵manawi karujukan ieu wewengkon bade disuhunkeun jadi tanah milik. Sareng abdi-abdi mugi ulah dipiwarang nyicingan wewengkon peuntaseun Walungan Yordan."

⁶Ku Musa diwaler, "Baruk harayang cicing di dieu, arek tarega ka papada urang Israil nu maraju perang?

⁷Warani nya maraneh ngaleuleutik hate urang Israil sina ulah mareuntasan Walungan Yordan ka tanah anu geus diajangkeun ku PANGERAN?

⁸Nya kitu kalakuan kolot-kolot maraneh oge basa ku kami diutus ti Kades Barnea nalengteng kaayaan eta tanah.

⁹Sanggeus daratang ka Lebak Eskol tanah teh ku maranehna diilik-ilik. Tapi ari geus marulang bet ngaleuleutik hate jalma rea, nyaram asup ka eta tanah anu geus dipaparinkeun ku PANGERAN.

¹⁰Temahna PANGERAN wera nepi ka nimbalan kieu:

¹¹ Kami sumpah, ku sabab maranehna henteu junun satuhuna ka Kami, mana sakur anu budal ti Mesir, anu umurna dua puluh taun atawa leuwih, saurang ge moal aya anu asup ka tanah anu ku Kami geus dijangjikeun ka Ibrahim, Ishak, jeung Yakub.

¹² Keunana ka sarerea, ka unggal jelema, kajaba Kaleb bin Yepune urang Kenas jeung Yosua bin Nun. Ieu mah duaan junun satuhu ka PANGERAN.

¹³ Ku sabab PANGERAN wera, urang Israil disina kukulibekan di tanah gurun opat puluh taun, nepi ka jelema-jelema anu geus ngajengkelkeun manah-Na paraeh kabeh.

¹⁴ Ayeuna bet maraneh, jalma-jalma doraka jaman kiwari, nurutan kagorengan kolot-kolot, rek nyieun deui bebendu PANGERAN ka urang Israil.

¹⁵ Lamun maraneh, urang Rubin jeung urang Gad, rek teu narurut ka Mantenna nepi ka sakumna bangsa Israil ku Mantenna ditilarkeun deui di tanah gurun nepi ka balahi, maraneh anu kudu tanggung jawab."

¹⁶ Eta jelema-jelema ngised marekna ka Musa, arunjukan deui, "Asal diwidian ngadamel karapyak bae heula kanggo ingon-ingon sareng ngabenteng kampung-kampung kanggo barudak.

¹⁷ Saparantos kitu, seja pisan ngiring sareng sasami urang Israil majeng perang, seja tarung pangpayunna dugi ka eta tanah

kajabel sareng kacicingan ku dulur-dulur. Sabot abdi-abdi perang, barudak kedah matuh heula di tempat anu parantos dibenteng, supados aman tina gangguan urang dieu.

¹⁸ Samemeh dulur-dulur sabangsa Israil tiasa ngarebut eta tanah anu parantos ditangtoskeun pikeun aranjeunna, abdi-abdi moal waka marulang.

¹⁹ Abdi sadaya moal ngiring ngagaduh-gaduh tanah peuntaseun Walungan Yordan, da parantos garaduh di dieu di wetaneunana."

²⁰ Waler Musa, "Upama bener kitu, tempongkeun ayeuna di payuneun PANGERAN yen maraneh sadia maju perang.

²¹ Kabeh prajurit maraneh sina mareuntasan Walungan Yordan. Dibawah aturan PANGERAN pek ka ditu gempur musuh urang nepi ka musuh taluk ka Mantenna,

²² nepi ka tanah milikna karebut. Upama geus kitu hutang jangji maraneh ka PANGERAN jeung ka papada urang Israil lunas, kakara maraneh meunang mulang. Ti dinya ieu tanah wetaneun Walungan Yordan bakal disahkeun jadi tanah milik maraneh.

²³ Sabalikna lamun maraneh jalir jangji, bapa ngingetan yen eta teh dosa ka PANGERAN. Ulah nyieun kasalahan, sabab lamun nepi ka dosa tan wande maraneh meunang siksa!

²⁴Ayeuna heug bisi rek ngadegkeun pakampungan jeung nyarieun karapyak mah. Tapi jangji kudu ditedunan!"

²⁵Jawab urang Gad jeung urang Rubin, "Seja diestokeun.

²⁶Pun bojo, barudak, sareng ingon-ingon sina di darieu di Gilad.

²⁷Abdi-abdi sadaya majeng jurit dibawah PANGERAN, seja perang meuntasan Walungan Yordan ngestokeun pilahir Bapa."

²⁸Geus kitu Musa ngalahir ka Elasar, ka Yosua, jeung ka para kapala lianna,

²⁹"Upama enya urang Gad jeung urang Rubin mareuntasan Walungan Yordan maju perang dibawah PANGERAN, sarta upama maraneh bisa ngarebut eta tanah karana dibantu ku maranehna, bikeun tanah Gilad ka maranehna jadi tanah milikna.

³⁰Tapi upama maranehna henteu marilu meuntas, henteu milu maju perang mantuan maraneh, engke bere tanah milik di Kanaan bae sakumaha halna maraneh."

³¹Ceuk urang Gad jeung urang Rubin, "Bapa, abdi sadaya sumeja tumut kana timbalan PANGERAN.

³²Dibawah Mantenna abdi-abdi sumeja mareuntas muru perang ka tanah Kanaan. Teu aya sanes mung supados tiasa mageuhan tanah anu ieu, wetaneun Walungan Yordan."

³³Ti dinya kaom Gad, kaom Rubin, jeung kaom Menase anu saparona, ku Musa

diajangan sakuliah wewengkon karajaan Raja Sihon urang Emor jeung wewengkon karajaan Raja Og urang Basan, ngawengku desa-desa jeung kampung-kampung sakurilingna.

³⁴ Kaom Gad ngomean deui kuta-kuta kota Dibon, Atarot, Arur,

³⁵ Atrot Sopan, Yaser, Yogbeha,

³⁶ Bet Nimra, jeung Bet Haran.

³⁷ Urang Rubin ngomean kota-kota Hesbon, Elale, Kiryataim,

³⁸ Nebo, Baal Meon (ieu ngaran meunang ngarobah), jeung Sibma. Kabeh ngaran-ngaran kota sanggeus anggeus diadegkeun deui diganti.

³⁹ Kaom Mahir bin Menase ngarurug tanah Gilad nepi ka bisa kaandih. Urang Emor anu maratuh di dinya disingkirkeun.

⁴⁰ Nya tuluy kaom Mahir ku Musa dipaparin tanah Gilad, seug maratuh di dinya.

⁴¹ Yair, putra Menase keneh, ngarebut sababaraha desa, terus dingaranan "Desa-desa Yair".

⁴² Nobah ngarurug jeung ngarebut Kenat jeung desa-desana seug eta tempat-tempat dingaranan Nobah, ngalap ngaranna sorangan.

33¹ Ieu catetan ngaran-ngaran tempat anu ku kaom-kaom Israil dipake masanggrahan sanggeus maranehna budal ti Mesir, dijejeran ku Musa jeung Harun.

²Unggal tempat anu dipake masanggrahan, ku PANGERAN dipiwarang dicatek ku Musa.

³Urang Israil budalna ti Mesir tanggal lima welas bulan kahiji taun budalanana, sapoe ti saentos Paska anu mimiti. Dibawah pangraksa PANGERAN urang Israil budal ti Raamses bari diarawaskeun ku urang Mesir,

⁴anu harita keur ngaluburkeun anak-anak cikalna anu dipaehan ku PANGERAN. Ku midamel kitu PANGERAN teh mintonkeun kakawasaana-Na, ngabuktikeun yen Mantenna langkung-langkung kawasa ti batan allah-allah urang Mesir.

⁵Sanggeus kaluar ti Raamses, urang Israil masanggrahan di Sukot.

⁶Maju deui, masanggrahan di Etam sisi tanah gurun.

⁷Ti dinya malik ka Pi Hahirot wetaneun Baal Sepon, masanggrahan deukeut Migdol.

⁸Ti Pi Hahirot mareuntas nerus Laut Beureum terus asup ka Gurun Keusik Sur. Sanggeus ngetrik meunang tilu poe seug masanggrahan di Mara.

⁹Ti dinya terus ka Elim seug masanggrahan, sabab di dinya aya dua welas cinyusu jeung tujuh tangkal korma.

¹⁰Ti Elim maju deui terus masanggrahan deukeut Teluk Sues.

¹¹Maju deui terus masanggrahan di Gurun Keusik Sin.

¹²Ti dinya masanggrahan di Dopka,

¹³tuluy masanggrahan deui di Alus,

¹⁴terus ka Repidim. Di dieu teu maranggih cai keur nginum.

¹⁵(33: 15-37) Ti Repidim terus ka Gunung Hor. Tempat-tempat anu dipake masanggrahanana nya eta: Gurun Keusik Sinai, Kibrot Taawa, hartina: "Kuburan Kahawekan", Haserot, Ritma, Rimon Peres, Libna, Risa, Kehelata, Gunung Seper, Harada, Mahelot, Tahat, Terah, Mitka, Hasmona, Moserot, Bene Yaakan, Hor Hagidgad, Yotbata, Abrona, Esion Geber, Gurun Keusik Sin (nya eta Kades), jeung Gunung Hor di tungtung tanah Edom.

¹⁶(33: 15)

¹⁷(33: 15)

¹⁸(33: 15)

¹⁹(33: 15)

²⁰(33: 15)

²¹(33: 15)

²²(33: 15)

²³(33: 15)

²⁴(33: 15)

²⁵(33: 15)

²⁶(33: 15)

²⁷(33: 15)

²⁸(33: 15)

²⁹(33: 15)

³⁰(33: 15)

³¹(33: 15)

³²(33: 15)

33 (33: 15)

34 (33: 15)

35 (33: 15)

36 (33: 15)

37 (33: 15)

38 (33: 38-39) Ari Imam Harun ku PANGERAN dipiwarang unggah ka Gunung Hor, seug pupus di dinya dina yuswa 123 taun, dina tanggal hiji bulan kalima, taun kaopat puluh sabudalna urang Israil ti Mesir.

39 (33: 38)

40 Geus kitu Raja Arad di Kanaan kidul meunang beja datangna urang Israil.

41 (33: 41-49) Ti Gunung Hor urang Israil muru tanah-tanah lempar di Moab. Tempat masanggrahanana nya eta: Salmona, Punon, Obot, ruruntuhan Abarim di wewengkon Moab, Dibon Gad, Almon Diblataim, Pagunungan Abarim deukeut Gunung Nebo, jeung di tanah-tanah lempar wewengkon Moab peuntaseun Walungan Yordan deukeut kota Yeriho, antara Bet Yesimot jeung Lebak Sitim.

42 (33: 41)

43 (33: 41)

44 (33: 41)

45 (33: 41)

46 (33: 41)

47 (33: 41)

48 (33: 41)

49 (33: 41)

⁵⁰ Di hiji padataran di Moab peuntaseun Yordan palebah Yeriho, PANGERAN nimbalan deui ka Musa,

⁵¹ ngandikakeun parentah-parentah pikeun urang Israil, "Sanggeus maraneh meuntasan Yordan asup ka tanah Kanaan,

⁵² pribumina singkirkeun, brahala-brahala na tina batu jeung logam, kitu deui tempat-tempat pamujaanana tumpurkeun.

⁵³ Andih eta tanah seug caricingan, memang ajang maraneh ti Kami.

⁵⁴ Bagikeun ka unggal kaom jeung kaom-kaomna, lotrekeun. Anu lega jang anu cacah jiwana loba, anu heureutan jang anu cacah jiwana saeutikan.

⁵⁵ Sabalikna lamun sesa pribumina nu harirup keneh ku maraneh henteu diusir, engkena tangtu nyusahkeun, bakal jadi cucuk panon, bakal ngagitik ti sisi ti gigir, bakal hudang ngalawan.

⁵⁶ Jeung saupama ku maraneh teu diusir, maraneh ku Kami tangtu dibasmi moal beda ti maranehna."

34 ¹PANGERAN ngandika deui ka Musa, ²ngandikakeun ieu parentah pikeun urang Israil, "Di mana maraneh geus arasup ka Kanaan, tanah anu ku Kami rek dipaparinkeun, wawatesan eta tanah teh bakal kieu:

³Di beulah kidul watesna ti tanah gurun Sin malipid di sapanjang tanah Edom, mimiti ti wetan tungtung kidul Laut Paeh.

⁴Ti dinya mengkol ngidul ka jalan Akrabim parat ngaliwatan Sin nepi ka Kades Barnea di kidul. Ti dinya nyela bumi ngaler ngulon nepi ka Hasar Adar terus ka Asmon,

⁵mengkol ka lebak di wates tanah Mésir, anggeus di basisir Laut Tengah.

⁶Di beulah kulon watesna Laut Tengah.

⁷Di beulah kaler watesna mimiti ti basisir Laut Tengah terus mapay nepi ka Gunung Hor.

⁸Ti dinya terus ka jalan Hamat, terus keneh nepi ka Sedad,

⁹terus ka Sipron, anggeus di Hasar Enan.

¹⁰Di beulah wetan watesna mimiti ti Hasar Enan terus mapay nepi ka Sepam.

¹¹Ti dinya mengkol ngidul ka Harbel di wetaneun Ain, terus nepi ka pasir-pasir di basisir Talaga Galilea beulah wetan,

¹²tuluy ngidul mapay Walungan Yordan nepi ka Laut Paeh. Bakal kitu opat wawatesan tanah maraneh teh."

¹³Geus kitu Musa ngalahir ka urang Israil, "Ieu tanah pikeun maraneh teh. Pek lotrekeun, sabab ku PANGERAN geus diajangkeun pikeun salapan kaom jeung anu satengah kaom deui.

¹⁴Sabab kaom Rubin, kaom Gad jeung kaom Menase anu saparona geus baroga bagian

sarta geus dibagi-bagi nurutkeun saahli
karuhunna masing-masing,

¹⁵ di peuntaseun Walungan Yordan beulah
wetan nampeu ka Yeriho."

¹⁶ PANGERAN nimbalan deui ka Musa,

¹⁷ timbalana-Na, "Imam Elasar jeung Yosua
bin Nun sina ngabagikeun ieu tanah ka urang
Israil,

¹⁸ sina dibantuan ku para pamingpin ti tiap
kaom."

¹⁹ (34:19-28) PANGERAN nangtoskeun
jelema-jelemana nya eta: Ti Kaom-
Pamingpinna; Yuda-Kaleb bin Yepune;
Simeon-Selumi bin Amihud; Binyamin-
Elidad bin Kislon; Dan-Buki bin Yogli;
Menase-Haniel bin Epod; Epraim-Kemuel
bin Siptan; Sebulun-Elisapan bin Parnak;
Isaskar-Paltiel bin Asan; Aser-Ahiahud bin
Selomi; Naptali-Pedahel bin Amihud.

²⁰ (34:19)

²¹ (34:19)

²² (34:19)

²³ (34:19)

²⁴ (34:19)

²⁵ (34:19)

²⁶ (34:19)

²⁷ (34:19)

²⁸ (34:19)

²⁹ Sakitu jelema-jelema anu ku PANGERAN
ditangtoskeun sina ngabagikeun tanah milik
ka urang Israil di tanah Kanaan.

35¹ Di padataran Moab peuntaseun Yordan nampeu ka Yeriho, PANGERAN nimbalan deui ka Musa,

² "Parentahkeun ka urang Israil, sina marere tempat ka urang Lewi di tanah milikna masing-masing, boh kota-kota keur tempat tinggalna, boh sampalan-sampalanana.

³ Barere tempat urang Lewi teh keur padumukanana, kitu deui sampalan-sampalan keur sapi jeung ingon-ingon sejenna.

⁴ Ari tanah sampalanana kudu dibere ti semet luareun kuta nagara, panjangna ka kulon, ka wetan, ka kidul, ka kaler, masing-masing kudu 450 meter,

⁵ jadi pasagi anu panjang sisina masing-masing 900 meter, di tengah-tengahna pikeun kotana.

⁶ Jeung urang Lewi teh kudu dibere genep kota suaka, pigeusaneun kabur jelema anu tas maehan teu kahaja. Jaba ti eta kudu dibere opat puluh dua kota deui,

⁷ jeung tanah-tanah sampalanana. Jadi jumlahna opat puluh dalapan kota.

⁸ Reana kota urang Lewi di saban kaom gumantung kana legana wewengkon tiap kaom."

⁹ PANGERAN ngandika deui ka Musa

¹⁰ pikeun urang Israil, "Di mana maranéh geus meuntasan Walungan Yordan jeung geus aya di tanah Kanaan,

¹¹ kudu milih tempat-tempat anu cocog dijieun kota suaka pikeun panglumpatan jelema anu maehan teu dihaja.

¹² Ari geus aya di dinya mah bisa salamet tina pamales baraya jelema anu dipaahan tea. Jelema anu dituduh maehan teu meunang dipaahan lamun perkarana can dipariksa di pangadilan umum.

¹³ Tangtukeun genep kota suaka,

¹⁴ tilu di wewengkon wetaneun Yordan, tilu di tanah Kanaan.

¹⁵ Eta kota-kota suaka meunang dipake nyalindung ku saha bae, ku urang Israil atawa ku urang asing anu ngadon tetep di Israil atawa anu ngan sawatara waktu. Saha bae anu maehan teu dihaja, kudu muru salah sahiji kota kitu.

¹⁶ (35: 16-18) Anu maehan ku pakarang tina beusi, batu atawa kayu, eta memang maehan, kudu dipaahan.

¹⁷ (35: 16)

¹⁸ (35: 16)

¹⁹ Baraya landes jelema nu dipaahan tea meunang maehan eta jelema. Lamun eta jelema kapanggih, meunang dipaahan.

²⁰ Kitu deui jelema anu ku sabab ceuceub seug nyuntrungkeun atawa maledog nepi ka paeh,

²¹ atawa nonjok batur nepi ka paeh, eta memang maehan, kudu dipaahan. Baraya landes jelema anu dipaahan tea meunang

maehan eta jelema. Lamun eta jelema kapanggih, meunang dipaehan.

²²Tapi bisa jadi aya anu teu kahaja maehan jelema anu teu dipikangewa, naha dibantingkeun atawa dibaledog ku naon bae.

²³Atawa bisa jadi aya anu ngaragragkeun batu teu barang tenjo heula, nepi ka ngalantarankeun jalma nu lain musuhna paeh, padahal taya maksud kitu.

²⁴Dina hal-hal kawas kitu, jalma anu maehan teh kudu dibawa ka pangadilan umum. Pangadilan umum kudu ngabela, ulah mihak ka baraya anu maot anu niat ngabales.

²⁵Patina kudu dijait ku pangadilan umum, ulah dibikeun ka baraya jelema anu ku manehna dipaehan. Nya eta kudu dibawa deui ka kota suaka tempat nyalindungna, lilana nepi ka Imam Agung anu keur jeneng harita tilar dunya.

²⁶Tapi upama kaluar ti kota suaka panyalindunganana

²⁷sarta seug dipaehan ku baraya jelema anu dipaehan tea, eta nu ngabales teh hukumna lain maehan.

²⁸Ku sabab kitu anu boga dosa maehan teh kudu tetep aya di kota suaka panyalindunganana nepi ka Imam Agungna tilar dunya. Sanggeus kitu kakara meunang balik.

²⁹Ieu pikukuh teh pikeun maraneh turun-tumurun, di mana bae.

³⁰ Jelema anu didakwa maehan, kakara bisa dinyatakeun salah jeung dihukum paeh, lamun perkarana bisa dibuktikeun ku dua saksi. Saksi saurang teu cukup pikeun ngabuktikeun yen eta dakwaan teh bener.

³¹ Anu maehan kudu dipaahan, sarta hukumanana henteu bisa ditebus ku duit.

³² Jelema anu keur mibus di kota suaka teu meunang diidinan mere duit ngarah diidinan balik ka imahna, sapanjang Imam Agung can tilar dunya.

³³ Upama hal eta dirempak maraneh sarua jeung nganajisan ieu tanah. Maehan teh nganajiskeun ieu tanah. Taya jalan pikeun nyucikeunana deui iwal ti ku pati jelema anu maehan tea.

³⁴ Jadi pacuan maraneh nganajisan ieu tanah enggon maraneh, sabab Kami PANGERAN aya di dieu jeung urang Israil."

36¹ Para kapala warga-warga kaom Gilad bin Mahir bin Menase bin Yusup ngadareuheus ka Musa jeung ka para kapala lianna,

² arunjukan, "Timbalan PANGERAN kapungkur, Bapa kedah ngabagikeun tanah ka urang Israil nganggo lotre. Sareng timbalana-Na Bapa kedah maparin tanah milik ka pun dulur Selopehad kanggo anak-anakna anu awewe.

³ Mugi kaemut, upami maranehna kawin ka kaom sanes, tanah milikna tangtos ragrag ka

eta kaom, ku margi kitu tanah milik abdi-abdi tangtos jadi ngirangan.

⁴Dina Taun Kasukaan, waktos nebusan tanah-tanah milik anu parantos kaical supados kapimilik deui ku nu gaduh asalna, tanah-tanah milik anak-anak Selopehad mah tangtos moal tiasa kapimilik deui, ku kituna moal kaetangkeun kana bagian kaom abdi-abdi deui da parantos jadi tanah milik tetep kaom salakina."

⁵Ti dinya Musa nyaurkeun timbalan PANGERAN ka urang Israil. Saurna, "Bener eta omongan kaom Menase teh.

⁶Mana kieu timbalan PANGERAN: Anak-anak Selopehad meunang boga salaki ka saha bae, tapi kudu ka kaomna keneh.

⁷Tanah milik satiap urang Israil kudu tetep aya dina cangkingan kaomna masing-masing.

⁸Unggal awewe anu boga warisan tanah milik di hiji kaom Israil, kawinna kudu ka lalaki ti kaom eta keneh, supaya unggal urang Israil tetep ngabogaan warisan tanah milik karuhunna,

⁹ulah aya tanah milik anu pindah ti kaom ieu ka kaom anu sejen. Tegesna unggal kaom kudu mageuhan tanah milikna masing-masing."

¹⁰(36:10-11) Ku lantaran kitu, Mahla, Tirsa, Hogla, Milka jeung Noa, anak-anak Selopehad, karawinna teh ka lalaki ti kaomna keneh, nurut kana timbalan PANGERAN anu

diandikakeun ka Musa tea. Karawinna teh ka anak uana,

¹¹ (36: 10)

¹² ka warga ti kaom Menase bin Yusup, jadi tanah milikna tetep aya dina genggeman kaom bapana.

¹³ Kitu aturan jeung pikukuh ti PANGERAN ka urang Israil anu diandikakeun ka Musa di padataran tanah Moab peuntaseun Walungan Yordan deukeut nagara Yeriho.

Ulangan

1 ¹Ieu kitab muat pitutur Musa ka urang Israil di tanah gurun di Lebak Yordan. Eta tempat ayana di wetaneun Walungan Yordan, deukeut Sup, antara Paran ti beulah ditu, jeung Topel, Laban, Haserot, jeung Disahab beulah dieu.

²(Ti Gunung Sinai nepi ka Kades Barnea, make jalan liwat wewengkon Pagunungan Edom, jauhna lalakon sabelas poe.)

³Dina taun ka opat puluh budalna urang Israil ti Mesir, tanggal hiji bulan sawelas, Musa nyaurkeun sagala timbalan PANGERAN anu ku Mantenna dipiwarang ditepikeun ka maranehna.

⁴Disaurkeunana sanggeusna PANGERAN ngelehkeun Sihon raja urang Emor anu calik di Hesbon, jeung ngelehkeun Og raja urang Basan anu calik di Astarot jeung Edrei.

⁵Musa mimiti netelakeun hal hukum-hukum jeung parentah-parentah PANGERAN di wewengkon Moab, wetaneun Walungan Yordan. Kieu saurna,

⁶"Bareto di Gunung Sinai, PANGERAN Allah urang ngandika kieu: Maraneh di ieu gunung geus kacida lilana.

⁷Geura bobongkar, geura parindah. Jugjug pagunungan urang Emor jeung

tanah tatangga-tatanggana, Lebak Yordan, pagununganana, tanah-tanah handapna, pakidulanana, jeung basisir Laut Tengah. Datangan tanah Kanaan, Pagunungan Libanon, terus nepi ka cigede Walungan Eprat.

⁸Kami, PANGERAN, geus ikrar yen eta tanah rek dibikeun ka karuhun maraneh, Ibrahim, Ishak, jeung Yakub, terus turun-tumurun. Geura tareang, tuluy caricingan!"

⁹Saur Musa ka umat, "Bapa bareto di Gunung Sinai geus nyebutkeun kawalahan ngurus maraneh ku sorangan bae teh.

¹⁰Maraneh, ku PANGERAN Allah maraneh geus dijadikeun sakieu lobana lir bentang-bentang di langit.

¹¹Mugi ku PANGERAN, Allah karuhun maraneh sing dijadikeun sarebu kalieun ti ayeuna, jeung masing marukti sakumaha jangji Mantenna.

¹²Tapi naha bisa Bapa ngurus perkara maraneh ngan sorangan?

¹³Mana ceuk Bapa, Bapa pangmilihkeun ti saban kaom sawatara jalma anu bijaksana, berbudi jeung boga pangalaman, rek diangkat pikeun ngurus maraneh.

¹⁴Jawab maraneh, Satuju, sae kitu.

¹⁵Eta jalma-jalma anu palinter jeung loba pangalaman beunang maraneh milih teh ku Bapa ditarima, jaradi pangurus maraneh. Cangkinganana aya nu sarebu urang, saratus

urang, lima puluh urang, sapuluh urang. Jeung di sakabeh kaom, Bapa teh ngangkat gegeden-gegeden.

¹⁶Carek Bapa harita ka maranehna, Dengekeun masing taliti sagala perkara anu datang ti rahayat cangkingan maraneh. Uruskeun perkarana sing adil, boh perkara antara sasama bangsa, boh perkara jeung urang asing anu caricing di urang.

¹⁷Nyieun putusan kudu adil, nimbang-nimbangna ulah beurat sabeulah, ulah pilih bulu. Ulah serab ku sasaha, sabab putusan maraneh teh asal ti Allah. Perkara anu ku maraneh karasana beurat, teruskeun ka Bapa, Bapa anu baris mutusna.

¹⁸Jeung harita, maraneh ku Bapa dituduhan sagala rupa pipetaeun."

¹⁹"Bring urang arindit ti Gunung Sinai, tumut timbalan PANGERAN Allah urang, ngambah gurun keusik anu nya lega nya matak sieun, make jalan pagunungan urang Emor. Sanggeus nepi ka Kades Barnea,

²⁰(1: 20-21) Bapa nyarita kieu, Ayeuna maraneh geus nepi ka pagunungan urang Emor, anu bakal dipaparinkeun ka urang ku Gusti PANGERAN, Allah karuhun urang. Tuh itu. Pek datangan, eusian, tumut timbalan Mantenna. Ulah mangsar-mingsir, ulah sieun.

²¹(1: 20)

²²Tapi ceuk maraneh ka Bapa, Kedah aya anu diutus ka ditu ti heula, pikeun nalengteng

kaayaan eta nagara, sareng anu engkena kedah nungtun urang ka ditu nganggo jalan anu pangamanna.

²³Ku sabab hal eta katimbang hade, Bapa milih dua welas jelema, saurang ti saban kaom.

²⁴Bral maranehna arindit ka pagunungan nepi ka Lebak Eskol, nalengteng.

²⁵Baralikna deui bari mawa bubuhan asal ti ditu, jeung mupulihkeun yen tanah anu ku Gusti PANGERAN rek dipaparinkeun ka urang teh lendo kabina-bina.

²⁶Tapi maraneh anggur ngalawan kana timbalan PANGERAN Allah maraneh, arembung terus ka ditu.

²⁷Jeung tinggelendeng pada batur, Urang teh dipikageuleuh ku PANGERAN, dibawa ka dieu ti Mesir teh rek diserenkeun ka urang Emor, sina diparaahan.

²⁸Rek naraon ka daritu? Sieun urang mah! Geuning ceuk anu tas ti daritu jelemana leuwih baredas leuwih jarangkung ti urang, caricingna jeroeun kuta anu luhurna nepi ka langit. Anu katarenjo ku anu tas ti daritu teh bangsa raksasa!

²⁹Ari ceuk Bapa, Tong sarieun ku urang ditu.

³⁰Maraneh bakal dituyun ku PANGERAN Allah maraneh, bakal dipangmerangankeun ku Mantenna, cara nu geus kaalaman ku maraneh di Mesir,

³¹ jeung di gurun keusik. Ku maraneh kapan karasa petaning Mantenna nyandak maraneh sajajalan nepi ka dieu reujeung kasalametan, mani kawas bapa mangku anak.

³² Tapi maraneh ti batan ngagugu kana omongan Bapa anggur murugul, teu ngarandel ka PANGERAN,

³³ sangkilang geus bukti Mantenna salawasna sok angkat heulaeun maraneh milari tempat pikeun maraneh masanggrahan. Mantenna nuduhkeun jalan, angkat hareupeun maraneh, ti peuting dina tihang seuneu, ti beurang dina tihang mega."

³⁴ "Kadangueun ku PANGERAN yen maraneh gegelendeng, sarta ku bawaning bendu nepi ka nimbalan kieu,

³⁵ Maraneh anu harirup ayeuna, saurang ge moal aya anu piasupeun ka eta tanah anu lendo, anu ku Kami geus diikrarkeun rek dibikeun ka karuhun maraneh.

³⁶ Ngan Kaleb bin Yepune anu piasupeun ka ditu, lantaran tetep satuhu ka Kami. Eta tanah anu ku manehna geus didongdon, ku Kami rek dibikeun ka manehna jeung turunan-turunanana.

³⁷ Ku lantaran maraneh kitu, Bapa oge nepi ka dibenduan ku PANGERAN, dawuhana-Na, Maneh oge, Musa, hamo asup ka ditu.

³⁸ Yosua bin Nun pangbantu maneh, deudeul sumangetna, sabab manehna anu bakal nungtun urang Israil ngandih eta tanah.

³⁹ Sanggeus kitu PANGERAN ngandika kieu ka urang, Anak-anak maraneh, anu tacan nyaraho salah jeung bener dumeh barudak keneh pisan, anu ceuk maraneh bakal dicarerek ku urang ditu, malah nya maranehna anu bakal arasup ka ditu. Eta tanah teh jang maranehna, pikeun pamatuhanana.

⁴⁰ Sabalikna maraneh mah kudu baralik deui ka wewengkon gurun keusik, make jalan anu ka Teluk Akaba.

⁴¹ Tapi ceuk maraneh, Bapa Musa, kuring tarima dosa ka PANGERAN. Ayeuna rek narajang ka ditu, rek tumut kana timbalan Gusti PANGERAN. Seug maraneh rurusuhan arek arindit narajang, naksir eta tempat bakal babari dirurugna.

⁴² Tapi PANGERAN nimbalan ka Bapa, Eta jelema-jelema halangan, ulah dibikeun ngarurug. Kami moal nyarengan, tangtu maranehna tumpes ku musuh.

⁴³ Timbalana-Na ku Bapa ditepikeun, tapi maraneh henteu nurut, murugul ka Mantenna, keukeuh ngarurug ka eta wilayah pagunungan, nguntup.

⁴⁴ Urang Emor budal ti nagarana, merul kawas simeut, ngayonan maraneh. Maraneh diudag-udag nepi ka Hormah, ahirna eleh di wilayah pagunungan urang Emor.

⁴⁵ Maraneh tingjarerit marenta tulung ka PANGERAN, tapi teu didangu."

⁴⁶"Ti dinya, sanggeus lila urang mukim di Kades Barnea,

2¹ tuluy malik ka urut, baralik deui ka gurun keusik, make jalan anu ka Teluk Akaba sakumaha timbalan PANGERAN. Urang katahan di dinya kacida lilana, udar-ider kuralang-kuriling di sabudeur wilayah Pagunungan Emor.

²Sanggeus kitu PANGERAN nimbalan ka Bapa,

³timbalana-Na urang teh geus meujeuhna lila udar-ider di eta pagunungan, sarta urang dipiwarang maju ka kaler.

⁴Bapa dipiwarang nepikeun parentah-parentah Mantenna ka maraneh, anu kieu tea, Maraneh kudu ngambah wilayah Pagunungan Edom, wewengkon bangsa turunan Edom, baraya laer maraneh. Maranehna bakal sarieuneun.

⁵Tapi kahade ulah diperangan, sabab tanahna sacangkewok oge ku Kami moal aya anu dibikeun ka maneh. Tanah Edom ku Kami geus dibikeun ka turunan Esau.

⁶Keur dahareun jeung inumeun kudu mareuli ka maranehna.

⁷Sing aringet, kumaha PANGERAN Allah maraneh ngaberkan sagala panggawe maraneh. Sajeroning maraneh udar-ider di ieu gurun keusik anu sakieu legana, ku Mantenna dijaga diraksa. Opat puluh taun lilana maraneh terus disareangan, sagala

rupa pangabutuh maraneh ku Mantenna
diyakeun.

⁸Ti dinya urang arindit deui, ninggalkeun
jalan anu jolna ti Elat jeung Esion Geber,
ngajugjug ka Laut Paeh, tuluy mengkol ngaler
ngetan ka palebah Moab.

⁹PANGERAN ngandika ka Bapa, saur-
Na, Urang Moab teh turunan Elut, ulah
diperangan, ulah nyieun rusuh jeung eta.
Nagara Ar ku Kami geus dibikeun ka
maranehna, tanahna saluwuk ge moal aya
anu ku Kami dibikeun ka maneh."

¹⁰(Anu caricing di Ar tadina bangsa raksasa,
disebutna bangsa Emim. Jarangkung gede
kawas raksasa bangsa Enak.

¹¹Sarua jeung bangsa Enak, maranehna oge
kasebutna mah urang Repaim. Tapi ku urang
Moab mah disebutna bangsa Emim.

¹²Ari anu caricing di Edom tadina urang Hor,
tapi diusir kaluar ti dinya ku turunan Esau,
bangsana ditumpes, tanahna diandih, kawas
urang Israil engkena ngusir musuh-musuhna
ti tanah anu ku PANGERAN dipaparinkeun ka
maranehna.)

¹³"Geus kitu urang meuntasan Walungan
Sered sakumaha pituduh PANGERAN,

¹⁴nya eta dina taun katilu puluh dalapan
sabada urang ninggalkeun Kades Barnea.
Prajurit-prajurit urang harita geus tariwas
kabeh, tinekanan sakumaha timbalan
PANGERAN.

¹⁵ Maranehna terus bae didamel lawan ku PANGERAN, nepi ka ditumpesna sama sakali.
¹⁶ Sanggeus maranehna beak kabeh maraot,
¹⁷ PANGERAN ngandika kieu ka urang,
¹⁸ Poe ieu maraneh kudu meuntasan wewengkon Moab, jalanna ka Ar.

¹⁹ Saterusna maraneh bakal narepi ka deukeut tanah urang Amon turunan Elut. Kahade, ulah nyieun rusuh jeung eta, ulah merangan, sabab tanahna saluwuk oge ku Kami moal aya anu dibikeun ka maraneh, ku Kami geus dibikeun ka maranehna."

²⁰ (Ieu wewengkon sok disebut oge tanah Repaim, ngaran bangsa anu maratuh di dinya. Ku urang Amon mah disebutna Samsumim;

²¹ jelemana jarangkung gede kawas bangsa Enak, jumlahna loba, garagah. Tapi ku PANGERAN dibasmi, nepi ka tanahna bisa dirampas ku urang Amon sarta terus dicaricingan.

²² Ari pikeun urang Edom turunan Esau di Pagunungan Edom, PANGERAN mangnumpeskeun urang Hor, nepi ka urang Edom bisa ngarebut tanahna terus dicaricingan, nepi ka ayeuna.

²³ Tanah sapanjang basisir Laut Tengah dicaricingan ku bangsa Kreta. Eta bangsa geus numpes bangsa Awim, bangsa pribumi eta tanah. Sakuliah tanahna nepi ka Gasa di kidul direbut, dicaricingan.)

²⁴"Sanggeus urang ngambah tanah Moab, PANGERAN nimbalan ka urang. Saur-Na, Ayeuna geura mareuntasan Walungan Arnon. Kami ka maraneh rek nyerenkeun Sihon, raja urang Emor di Hesbon reujeung tanahna. Pek gempur, rebut tanahna, andih.

²⁵Ti semet poe ieu, urang mana-mana ku Kami rek disina sarieuneun ku maraneh. Asal ngadenge ngaran maraneh, saban jelema bakal ngeleper."

²⁶"Ti dinya Bapa ngirim utusan-utusan ti Gurun Keusik Kedemot ka Raja Sihon di Hesbon, ngajak lulus. Bapa mesen kieu,

²⁷Kaula neda widi ngaliwat ka nagara sampean. Mung ngaliwat bae, sareng moal nyimpang ti jalan gede.

²⁸Tedaeun sareng cai bade ngiring meser. Taya sanes mung seja ngaliwat wungkul,

²⁹dugi ka meuntas Walungan Yordan, seja teras ka tanah sorangan, tanah paparin ti PANGERAN Allah kaula sadaya. Bangsa turunan Esau di Edom sareng bangsa Moab di Ar, parantos ngidinan kaula sadaya ngaliwat ka wewengkonna.

³⁰Raja Sihon teu ngidinan urang nyorang nagarana. Dihaja ku PANGERAN Allah maraneh sina murugul, sangkan digempur ku urang sarta tanahna dirampas cicinganeun urang.

³¹ Timbalan PANGERAN ka Bapa, Raja Sihon
ku Kami geus disina taya dayana ka maneh.
Rebut tanahna, andih!

³² Sihon kaluar mawa balad rek ngagempur
ka urang di deukeut Yahas,

³³ tapi ku Gusti PANGERAN diserenkeun
ka urang, seug ku urang diparaahan jeung
anakna kabeh kitu deui baladna.

³⁴ Barengan eta urang terus ngagempuran
kota-kotana, pribumina ditumpes beak, lalaki,
awewe, barudak.

³⁵ Ingong-ingonna direbut, nagarana diranjah.

³⁶ Urang ku PANGERAN diluluskeun
ngarebutan nagara-nagara ti semet Arur di
rarambu Lebak Arnon, jeung nagara anu
aya di tengah-tengah lebak eta, kitu deui
nagara-nagara di sapanjang jalan anu bras ka
Gilad. Taya pisan kuta nagara anu tahan ka
urang.

³⁷ Ari anu ku PANGERAN dilarang didatangan
mah, saperti wewengkon urang Amon,
wewengkon-wewengkon di sisi-sisi Walungan
Yabok, kota-kota di pagunungan, jeung
sababaraha tempat sejenna, ku urang henteu
dijorag."

3 ¹"Ti dinya urang terus ngaler ka
wewengkon Basan. Raja Og sabalandna
budal rek merangan urang deukeut Edrei.

²Tapi aya timbalan PANGERAN ka Bapa,
dawuhana-Na, Ulah sieun. Eta raja sabaland-
balad, kitu deui sakuliah karajaanana ku

Kami rek diserenkeun ka maneh. Jieun cara ka Sihon raja urang Emor di Hesbon.

³Raja Og sarahayatna ku PANGERAN diselehkeun ka urang, kabeh ditumpes ku urang,

⁴sarta harita keneh kota-kotana ku urang kabeh direbut taya nu kari. Aya genep puluh kota, tegesna sakuliah Argob, tempat ngarajaanana Og raja urang Basan.

⁵Kota-kotana dikuatan ku kuta-kuta anu laluhur, make panto-panto jeung tutulak paranti nulakan.

⁶Kabeh ku urang digempur, pangeusina lalaki, awewe, barudak, paraeh ditumpes, kawas kota-kota bogana Raja Sihon di Hesbon.

⁷Ingon-ingonna geus boga urang, kota-kotana terus dirayah.

⁸Kitu harita urang ngarebut eta tanah ti dua raja urang Emor, mimiti ti peuntas wetan Walungan Yordan, ti semet Walungan Arnon nepi ka Gunung Hermon.

⁹(Ceuk urang Sidon mah Gunung Hermon teh Siryon. Ari ceuk urang Emor mah Senir.)

¹⁰Kota-kotana di dataran luhur, wewengkon Gilad jeung Basan, terus ngetan nepi ka Salka jeung Edrei bogana Og raja urang Basan, kabeh dibeunangkeun ku urang."

¹¹(Raja Og teh turunan Repaim anu pameakan. Tambelana aya keneh nepi ka ayeuna di kota Raba di Amon, tina batu.

Ukuranana nurutkeun ukuran anu geus tangtu, panjangna opat meter, rubakna meh dua meter.)

¹²"Sanggeus eta tanah kacangking ku urang, wewengkon di kalereun Arur deukeut Walungan Arnon, jeung sabagian wilayah Pagunungan Gilad katut desa-desana, ku Bapa dibikeun ka kaom Rubin jeung kaom Gad.

¹³Gilad sasesana jeung Basan tempat Og ngarajaan, tegesna sakuliah Argob, dibikeun ka saparo kaom Menase." (Ari Basan katelahna mah tanah Repaim.

¹⁴Wewengkon Argob sakuliahna, nya eta Basan terus nepi ka wates tanah Gesur jeung Maaka, dicokot ku Yair urang kaom Menase. Desa-desana dingaranan ku ngaranna sorangan, katelahna desa-desa Yair nepi ka ayeuna.)

¹⁵"Gilad ku Bapa dibikeun ka warga Mahir ti kaom Menase.

¹⁶Kaom Rubin jeung kaom Gad ku Bapa dibere wewengkon ti semet wates Gilad nepi ka Walungan Arnon, watesna ti kidul tengah-tengah eta walungan, di kaler Walungan Yabok, anu sabagian jadi wates tanah urang Amon.

¹⁷Di beulah kulon wewengkonna ngamparna nepi ka Walungan Yordan, ti semet Talaga Galilea beulah kalerna, terus mudun ka kidul

nepi ka Laut Paeh, mengkol ngetan nepi ka suku Gunung Pisga.

¹⁸Ceuk Bapa harita ka maranehna kieu, Maraneh ku Gusti PANGERAN geus dipaparin ieu tanah wetaneun Walungan Yordan, cicinganeun. Ayeuna, jalma-jalma maraneh anu garagah inditkeun ti heula ka peuntaseun Walungan Yordan, ngabantu kaom-kaom Israil sejenna mangrebutkeun tanah milikna.

¹⁹Anu meunang tinggal di tempat-tempat anu ku Bapa geus dibikeun ka maraneh ngan pamajikan, anak, jeung ingon-ingon. Bapa nyaho, ingon-ingon maraneh kacida lobana.

²⁰Tulungan sasama maraneh urang Israil, supaya bisa nyaricingan tanah milikna paparin PANGERAN, anu ayana di peuntas kulon Walungan Yordan, nepi ka maranehna oge dipaparin kagenahan ku PANGERAN, cara maraneh ayeuna di dieu. Geus beres mah pek rek baralik ge ka dieu, da ieu teh ku Bapa geus dibikeun ka maraneh.

²¹Geus kitu Bapa marentah kieu ka Yosua, Hidep geus nyaksian petaning PANGERAN Allah hidep ka Raja Sihon jeung Raja Og. Nya kitu keneh deuih ka sing saha bae anu tanahna baris dirurug ku hidep engke.

²²Hidep teu kudu sieun ku maranehna, sabab bakal dipangmerangankeun ku PANGERAN Allah hidep."

²³"Harita Bapa neneda, sasambat kieu,

²⁴ Nun PANGERAN Nu Maha Agung, abdi terang yen sugri kajadian anu rohaka sareng araheng, anu ku Gusti parantos dipintonkeun ka abdi teh sayaktosna nembe awitna. Di langit sareng di bumi, teu aya allah anu tiasa ngayakeun perkawis anu aragung kitu, sapertos anu dipidamel ku Gusti!

²⁵ Mugi abdi widian meuntasan Walungan Yordan, nun PANGERAN, widian ningal eta tanah anu gemah raha raja anu aya di peuntas ditu, widian ningal eta nagara pagunungan anu asri, kitu deui Gunung Libanon.

²⁶ Tapi ku lantaran tingkah maraneh, PANGERAN bendu ka Bapa, paneda panyambat Bapa henteu dikabul. Malah ngadawuh kieu, Geus, ulah ngutik-ngutik deui sual eta!

²⁷ Geura unggah ka puncak Gunung Pisga, pek alak-ilik ka kaler, ka kidul, ka wetan, ka kulon. Rarasakeun, serepkeun sakur nu katembong. Sabab maneh hamo nepi ka meuntasan Walungan Yordan.

²⁸ Yosua pakihikeun, pengkuhkeun hatena sarta kuatkeun tekadna, sabab manehna kudu meuntaskeun eta jelema-jelema nepi ka bisa majik di eta tanah anu ku maneh katenjo ti dinya, ti kajauhan.

²⁹ Ku hal eta urang teh jadi kacandet di lebak anu nyanghareup ka Bet Peor."

4 ¹ Geus kitu Musa misaur ka eta jelema-jelema, saurna, "Turutkeun sakabeh

papakon anu ku Bapa diwurukkeun ka maraneh, tangtu maraneh bakal maratuh di tanah anu rek dipaparinkeun ku PANGERAN Allah karuhun maraneh.

²Lampahkeun parentah Bapa, ulah dileuwihan ulah dikurangan. Lampahkeun sakabeh timbalan PANGERAN Allah maraneh anu ku Bapa geus diwurukkeun.

³Maraneh narenjo sorangan, naon anu geus dipidamel ku PANGERAN di Gunung Peor. Kapan sakur anu nyarembah ka Baal mah kabeh oge ku Mantenna disina tariwas.

⁴Sabalikna anu tetep suhud ka PANGERAN Allah maraneh mah geuning harirup tepi ka ayeuna.

⁵Sakabeh papakon ku Bapa geus diwurukkeun ka maraneh, tumut sakumaha timbalan PANGERAN, Allah panutan Bapa. Lampahkeun engke di ditu, di tanah anu engke bakal diteang, nu bakal dicaricingan.

⁶Lampahkeun sing enya-enya, malar kanyahoan ku bangsa-bangsa sejen yen maraneh teh bangsa anu pinter jeung binangkit. Supaya ana maranehna ngadarenge eta papakon-papakon teh ngucap, leu bangsa, keur gede teh nya pinter nya wijaksana!

⁷Bangsa sejen, sakumaha gedena ge euweuh anu boga allah anu parek raketna ka umat cara parek raketna PANGERAN Allah

urang ka urang. Iraha bae ku urang disambat pitulung-Na, harita keneh ngawaler.

⁸Bangsa sejen, sakumaha gedena ge euweuh anu bogaeun undang-undang anu adilna cara undang-undang anu poe ieu diwurukkeun ku Bapa ka maraneh.

⁹Mana sing ati-ati, jaga, sangkan saumur-umur maraneh henteu nepi ka mophohokeun sakur anu geus kasaksi ku panon sorangan. Caritakeun ka anak incu,

¹⁰hal maraneh dina poean narangtung di payuneun PANGERAN Allah maraneh di Gunung Sinai, waktu Mantenna nimbalan ka Bapa, Kumpulkeun jalma-jalma, sina ngadarengekeun pangandika anu baris diandikakeun ku Kami, sangkan dialajar nurut ka Kami saumur hirupna, jeung sangkan ngadidik anak-anakna sina diajar sieun ku Kami.

¹¹Caritakeun ka anak maraneh, yen basa maraneh marek di suku eta gunung, gunungna poek ku haseup, kabulen ku mega kandel jeung ngagedur ku seuneu anu muntab-muntab ka langit.

¹²Sarta PANGERAN ngandika ka maraneh ti jero seuneu. Gentra-Na kadenge ku maraneh, tapi Mantenna ku maraneh teu katenjo, teu ngawujud naon-naon.

¹³Mantenna nimbalan ka maraneh, sangkan maraneh nyekel kana perjangjian Mantenna, nya eta ngalampahkeun Sapuluh Timbalan

anu ku Mantenna diseratkeun dina dua papan batu.

¹⁴ Ari Bapa ku PANGERAN ditimbalan mapatahkeun eta papakon-papakon, lampahkeuneun maraneh engke ari geus maratuh di tanah anu ayeuna eukeur dijugjug."

¹⁵ "Waktu PANGERAN di Gunung Sinai nimbalan ti jero seuneu tea, wujud-Na henteu katembong. Keur pihaddeeun maraneh sorangan, kahade

¹⁶ ulah nyarieun pidosaeun, ulah nyarieun arca sembaheun diri sorangan dina rupa naon bae, boh arca jalma lalaki atawa awewe,

¹⁷ boh tironan sato atawa manuk,

¹⁸ sato ngarayap atawa lauk.

¹⁹ Jeung ulah kagembang nyembah ngabakti ka anu katembong di langit, kyaning panonpoe, bulan jeung bentang-bentang. Nu karitu mah ku PANGERAN geus diajangkeun keur sembaheun bangsa-bangsa sejen.

²⁰ Maraneh mah kapan beunang Mantenna ngarebut ti Mesir, ditarik ti jero tungku anu marong, dicandak ti dinya tuluy dijadikeun umat-Na, sakumaha buktina ayeuna.

²¹ Orokaya Bapa mah ku PANGERAN Allah maraneh teh dibenduan, lantaran tingkah maraneh. Mantenna nepi ka sumpah hamo ngidinan Bapa meuntasan Walungan Yordan, hamo ngidinan Bapa asup ka eta tanah anu

gemah raharja, anu bakal dipaparinkeun ka maraneh.

²²Bapa kudu ajal di dieu, moal nepi ka meuntasan eta walungan. Sabalikna maraneh mah bakal mareuntas, bakal arasup ka eta tanah anu mukti.

²³Ku sabab kitu peupeujeuh ulah nepi ka mopohokeun perjangjian anu geus ditetepkeun ku PANGERAN Allah maraneh, lampahkeuneun maraneh. Gumatikeun sagala papakonna. Ulah nyarieun arca keur sesembahan dina rupa naon bae.

²⁴Sabab PANGERAN Allah maraneh teh lir seuneu anu bakal ngalebur, teu aya ampunna ka sakur nu jadi lawanna.

²⁵Sanajan upama maraneh geus lila hirup di ditu nepi ka reuay anak incu, kade ulah nyieun dosa, nyieun arca wujud naon bae keur sembaheun maraneh. Lampah kitu teh jahat dina soca PANGERAN, Allah maraneh.

²⁶Mugia langit jeung bumi poe ieu jadi saksi, yen lamun maraneh teu narurut ka anu dipapatahkeun ku Bapa, tan wande maraneh gancang musna ti eta tanah peuntaseun Walungan Yordan. Maraneh moal lila-lila harirup di ditu. Geus tangtu maraneh engke ditumpurkeun sama sakali.

²⁷Bakal dipabalencarkeun ka bangsa-bangsa sejen, paraeh di tanah batur, nu hirup kari saeutik.

²⁸ Di tanah batur mah maraneh kudu ngabarakti ka allah-allah sejen, jijieunan jelema keneh tina kayu, tina batu, allah nu taya kabisa, teu bisaeun nenjo, teu bisaeun ngadenge, teu bisaeun nyatu, teu bisaeun ngambeu.

²⁹ Heug maraneh bakal nareangan PANGERAN Allah maraneh sorangan, geus tangtu bakal kapanggih. Kitu soteh lamun enya-enya nareangan.

³⁰ Samangsa maraneh kasusahan nandangan rupa-rupa kasangsaraan, heug bae marulang deui ka PANGERAN, aranut deui ka Mantenna.

³¹ Mantenna ge moal nilarkeun deui, moal nyiksa deui, da Mantenna teh Allah anu sipat welas. Sarta Mantenna moal lali kana perjangjiana-Na anu diikrarkeun ka karuhun maraneh.

³² Pek papay ka jaman baheula, jaman samemeh maraneh dijurukeun, ti jaman Allah mimiti ngajadikeun manusa di bumi. Pariksa ka sakuliah jagat, iraha aya jelema anu nenjo kajadian anu aragungna kawas kieu?

³³ Iraha aya jelema anu ngadenge gentra Allah ti jero seuneu tur harirup terus cara anu kaalaman ku maraneh?

³⁴ Iraha aya allah sejen anu ngajorag ngarebut hiji bangsa tina genggeman bangsa sejen terus dijadikeun umatna, cara anu dipidamel ku PANGERAN Allah maraneh ka maraneh di Mesir? Ku maraneh katenjo

ku panon sorangan, kumaha Mantenna metakeun pangawasa jeung kadigjayaana-Na. Nyebarkeun pagebug, perang, ngadamel mujijat-mujijat, kaahengan-kaahengan, ngadamel perkara-perkara anu pikasieuneun.

³⁵ Pangna PANGERAN mintonkeun anu kitu ka maraneh teh supaya maraneh nyaho, yen anu jumeneng Allah teh ngan Mantenna, teu aya deui nu sejen.

³⁶ Maraneh ku Mantenna dibere ngadarenge gentra-Na ti sawarga, ngadawuhkeun parentah-parentah ka maraneh, jeung dibere narenjo seuneu-Na anu suci di ieu bumi, bari Mantenna nimbalan ti jero eta seuneu.

³⁷ Ku bawaning asih-Na ka karuhun maraneh, heug maraneh teh ku Mantenna dipilih, sarta Mantenna metakeun kakawasaana-Na ngaluarkeun maraneh ti Mesir.

³⁸ Saban maraneh maju, bangsa-bangsa anu leuwih gede jeung leuwih kuat ti batan maraneh ku Mantenna disingkir-singkirkeun, supaya maraneh bisa terus dicandak ka ditu, sarta tanah-tanah maranehna dipaparinkeun ka maraneh pikeun saterusna.

³⁹ Nu matak sing aringet ulah nepi ka paroho, yen PANGERAN teh anu jumeneng Allah di sawarga jeung di bumi. Taya deui Allah sejen.

⁴⁰ Lampahkeun sagala papakon Mantenna, anu poe ieu diwurukkeun ku Bapa. Lamun kitu, maraneh saanak incu tangtu jamuga,

bakal tumuluy nya hirup di tanah anu ku
PANGERAN Allah maraneh diajangkeun
pikeun maraneh salalanggengna."

41 Ti dinya Musa milih tilu kota di wetaneun Walungan Yordan,

42 jadi kota suaka pikeun anu nyalametkeun diri lantaran teu kahaja geus maehan jelema nu lain musuhna. Anu boga dosana kudu lumpat ngadon nyalindung ka salah sahiji ti eta kota anu tilu. Lamun geus aya di dinya henteu meunang dibales dipaahan.

43 Kota-kota anu kapilih, pikeun kaom Rubin kota Beser, pernahna di tanah gurun Iuhur, pikeun kaom Gad kota Ramot di wewengkon Gilad, pikeun kaom Menase kota Golan di wewengkon Basan.

44 Ti dinya Musa ngawurukkeun papakon-papakon jeung aturan-aturan Allah ka urang Israil.

45 (4: 45-46) Diwurukkeunana sanggeus maranehna budal ti Mesir, di lebak wetaneun Walungan Yordan, anu nyanghareup ka Bet Peor. Eta wewengkon teh wewengkonna Raja Sihon, raja urang Emor anu ngarajaanana di Hesbon, anu geus dielehkeun ku Musa jeung urang Israil sabada budal ti Mesir.

46 (4: 45)

47 Tanahna terus diandih, kitu deui tanah bogana Raja Og urang Basan, raja urang Emor keneh anu ngarajaan di wetaneun Walungan Yordan.

⁴⁸ Ieu wewengkon, ngamparna ti semet Arur di sisi Walungan Arnon terus ka kaler nepi ka Gunung Siryon, nya eta Gunung Hermon tea,

⁴⁹ kitu deui wewengkon wetaneun Walungan Yordan anu terus ka kidul ka Laut Paeh, terus nepi ka suku Gunung Pisga beulah wetan.

5 ¹ Musa ngumpulkeun sakumna bangsa Israil, seug dilahiran kieu, "Eh urang Israil! Barandungan ieu pikukuh-pikukuh anu ku Bapa rek diwurukkeun ka maraneh ayeuna. Arapalkeun, gumatikeun.

² Gusti PANGERAN di Gunung Sinai ngadamel perjangjian.

³ Eta perjangjian lain keur kolot-kolot urang bae, tapi keur urang ongkoh anu hirup ayeuna.

⁴ Mantenna nimbalan ka maraneh ti luhur gunung, ti jero seuneu, hareupeun maraneh.

⁵ Bapa harita nangtung di antara maraneh jeung Mantenna, neruskeun timbalan-timbalana-Na, da maraneh sieun ku eta seuneu, jeung henteu arunggah ka gunung. Timbalan PANGERAN kieu,

⁶ Ieu Kami, PANGERAN Allah maraneh, anu ngajait maraneh ti Mesir, tempat maraneh dijieun badega.

⁷ Maraneh ulah ngabakti ka aallah, kudu ngabakti ka Kami.

⁸ Maraneh ulah nyieun sesembahan rupa naon bae ti nu aya di langit atawa di bumi, atawa di cai sahandapeun bumi.

⁹Poma ulah nyembah atawa ngabakti ka nu karitu. Karana Kami, PANGERAN Allah maraneh, embung disaruakeun jeung naon bae. Kami tangtu nyiksa ka anu mikageuleuh ka Kami, kitu deui ka turunanana, nepi ka turunan katilu jeung kaopat.

¹⁰Sabalikna deui, Kami mikaheman nepi ka rebuan turunan, ka sakur anu nyaah ka Kami sarta ngestukeun timbalan Kami.

¹¹Ulah nyebut jenengan Kami dipake teu puguh, karana Kami PANGERAN Allah maraneh, moal teu nyiksa ka sakur anu sambarangan nyebut jenengan Kami.

¹²Masing gumati kana poe Sabat, kudu disucikeun salalawasna sakumaha anu diparentahkeun ku Kami, PANGERAN Allah maraneh.

¹³Genep poe pikeun maraneh migawe sagala pagawean,

¹⁴ari poe nu katujuh poe reureuh, kudu dipake ngabakti ka Kami. Dina poe eta teu meunang aya anu digawe, boh maraneh, boh anak, boh badega, boh sasatoan, kitu deui sakur anu ngumbara di tanah maraneh. Badega-badega oge kudu sina reureuh sakumaha maraneh.

¹⁵Sing aringet, maraneh oge bareto jadi badega di Mesir, nepi ka Kami PANGERAN Allah maraneh metakeun pangawasa jeung kadigjayaan anu taya bandingna, ngajait

maraneh. Kitu sababna maraneh ku Kami ditimbalan ngestokeun kana poe Sabat.

¹⁶Kudu masing hormat ka bapa jeung ka indung, sakumaha anu diparentahkeun ku Kami, PANGERAN Allah maraneh, supaya maraneh jamuga jeung panjang umur di tanah anu bakal dipaparinkeun ku Kami.

¹⁷Maraneh ulah maehan.

¹⁸Maraneh ulah ngaranyed.

¹⁹Maraneh ulah maling.

²⁰Maraneh ulah jadi saksi palsu.

²¹Maraneh ulah bogoh ka pamajikan batur, ulah mikayahang imahna, tanahna, badega-badegana, sapina, kaldena, atawa naon bae pangaboga batur.

²²Kitu ungelna eta pikukuh-pikukuh ti PANGERAN anu ditimbalkeun ka maraneh basa maraneh karumpul di eta gunung. Kalawan gentra anu ngageleger ti jero seuneu jeung tina mega anu kandel, nya pikukuh-pikukuh ieu anu ku Mantenna diandikakeun teh, lain nu sejen. Geus kitu ieu pikukuh-pikukuh teh ku Mantenna diseratkeun dina dua papan batu, tuluy diserenkeun ka Bapa."

²³"Barang maraneh ngadarenge eta gentra ti lebah nu poek tur eta gunung ngagedur ku seuneu, maraneh kitu deui para pamingpin kaom daratang ka Bapa,

²⁴sarta ngaromong kieu, PANGERAN Allah kuring mintonkeun kaagungan sareng

kamulyaana-Na, gentrana disina kakuping ku kuring ti jero seuneu! Dinten ieu kaalaman ku kuring sadaya, yen najan manusa teh ngadenge sorangan timbalan Allah, geuning tiasa keneh hirup.

²⁵ Parandene kitu, keur naon kuring sadaya nyampeurkeun ajal? Da tangtu kuring sadaya lebur ku eta seuneu anu sakitu ngagedurna. Upami kedah nguping deui gentra-Na tangtos kuring sarerea tiwas.

²⁶ Iraha aya jelema anu tahan ngareungeu gentra Allah anu jumeneng, tur bijilna ti jero seuneu?

²⁷ Ku margi kitu, anu ka ditu deui teh Bapa bae, tampi sagala rupi anu bakal didawuhkeun ku PANGERAN Allah kuring, nembe engke mulih ngawartoskeun timbalana-Na. Kuring sadaya sumeja tumut.

²⁸ Ana PANGERAN ngadangu hal ieu, Mantenna ngadawuh ka Bapa, Kami geus ngadangu omongan eta jelema-jelema. Bener kudu kitu.

²⁹ Lamun heug hatena kitu salalawasna! Lamun heug ngajenanana ka Kami jeung narurutna kana papakon-papakon Kami teh kawas kitu salilana, sangkan jaramuga turun-tumurun!

³⁰ Tepungan ku maneh, titah baralik ka kemah-kemahna.

³¹ Tapi maneh, Musa, kudu ka dieu deui. Kami ka maneh rek ngandikakeun sakabeh

papakon jeung pikukuh Kami. Wurukkeun engke ku maneh ka eta jelema-jelema, estokeuneun maranehna engke di tanah anu ku Kami geus diajangkeun keur maranehna.

³²Ku sabab kitu eh urang Israil, peupeujeuh, tiginkeun eta sagala timbalan PANGERAN Allah maraneh teh. Ulah aya papakon Mantenna anu henteu diturut.

³³Kabeh estokeun, sangkan maraneh jamuga jeung bisa tetep renggenek di eta tanah."

6 ¹"Kitu papakon-papakon ti PANGERAN Allah maraneh, anu ku Mantenna dipiwarang diwurukkeun ku Bapa, estokeuneun maraneh di tanah nu moal lila deui bakal diancikan ku maraneh.

²Sapanjang araya umur, maraneh jeung anak incu kudu sarumujud ka PANGERAN Allah. Estokeun sakabeh papakon-Na anu ku Bapa geus diwurukkeun, supaya bisa tetep ngancik di ditu.

³Tariginkeun, arestokeun, eh urang Israil! Lamun kitu tinangtu maraneh jamuga, pijadieun bangsa anu tohaga, tur ngancik di tanah anu gemah ripah, sakumaha anu dijangjikeun ku PANGERAN, Allah karuhun urang.

⁴Kanyahokeun eh urang Israil! Nya PANGERAN, ngan PANGERAN, anu jadi Allah urang teh.

⁵ Masing nyaah ka PANGERAN Allah maraneh, terus jeung hate, terus jeung nyawa, sarta sing sakuat-kuat.

⁶ Sakur anu diwurukkeun ku Bapa poe ieu ulah dipopohokeun.

⁷ Ajarkeun ka anak. Ucapkeun tong weleh, keur di imah, keur di mana-mana, keur ngaso, keur digawe.

⁸ Cangreudkeun dina leungeun, sangsangkeun dina tarang, supaya terus inget.

⁹ Tuliskeun dina tihang panto jeung di gapura-gapura."

¹⁰ "Sakumaha jangji PANGERAN Allah maraneh ka anu jadi karuhun, nya eta ka Ibrahim, Ishak, jeung Yakub, maraneh bakal dipaparin tanah. Kota-kotana galede tur marukti, lain beunang ngadegkeun maraneh.

¹¹ Dipaparin imah anu pinuh ku barang-barang anu aralus, lain beunang kukumpul maraneh. Dipaparin sumur, lain beunang maraneh nyieun. Dipaparin kebon anggur jeung kebon jetun, lain beunang maraneh melak. Di mana maraneh ku PANGERAN geus diasupkeun ka eta tanah, geus teu kakurangan hakaneun,

¹² ulah paroho ka PANGERAN anu ngajait maraneh ti Mesir tempat maraneh dijieu badega.

¹³ Kudu sarieun ku PANGERAN Allah maraneh, kudu ngabakti teh ngan ka

Mantenna, sarta ana sumpah ngan kudu ku
karana jenengana-Na bae.

¹⁴ Ulah ngabarakti ka allah-allah sejen, anu
disarembah ku jalma-jalma anu ngarancikna
di sakurilingeun maraneh.

¹⁵ Lamun ngabarakti ka allah-allah sejen,
maraneh bakal meunang bebendu PANGERAN
anu lir seuneu ngalebur ka maraneh, sabab
PANGERAN Allah anu aya di maraneh teu
kersaeun disaruakeun jeung naon bae.

¹⁶ Ulah ngadoja ka PANGERAN Allah maraneh
kawas bareto di Masa.

¹⁷ Masing ngesto kana papakon-papakon ti
Mantenna.

¹⁸ Lampahkeun nu pihadeeun jeung
pibenereun ti Mantenna, tangtu maraneh
jamuga, bakal laksana ngamilik eta tanah
anu subur, anu dijangjikeun ku PANGERAN ka
karuhun maraneh,

¹⁹ jeung bakal sanggup ngusir musuh-musuh
ti dinya, sakumaha anu geus dijangjikeun ku
Mantenna.

²⁰ Engke jaga lamun ditanya ku anak, Naha
PANGERAN Allah urang teh bet miwarang
urang ngesto kana eta papakon-papakon?

²¹ jawab kieu, Urang tadina jadi badega raja
Mesir, tapi ku kakawasaan PANGERAN anu
araheng, urang dijait ti ditu.

²² Bangsa urang nyaksian pisan Mantenna
ngeunakeun kaahengan-kaahengan jeung

balahi-balahi ka urang Mesir, ka rajana, ka mantri-mantrina.

²³ Urang ku Mantenna dileupaskeun ti Mesir, dicandak ka dieu, dipaparin ieu tanah, nurutkeun jangji-Na ka karuhun urang.

²⁴ Sanggeus kitu PANGERAN nurunkeun ieu papakon-papakon. Timbalana-Na ieu kudu diestokeun ku urang, sarta urang kudu sieun ku Mantenna.

²⁵ Lamun urang nurut, bangsa urang ku Mantenna bakal dijaga jeung dipaparin kamuktian. Lamun urang ngalampahkeun sagala timbalan Allah kalawan suhud, tangtu bakal kamanah ku Mantenna."

7 ¹"Maraneh ku PANGERAN Allah maraneh geus tangtu dicandak sarta diancikkeun di ditu. Bangsa-bangsa urang ditu loba anu bakal diusir ku PANGERAN. Di mana maraneh geus mimiti maju, aya tujuh bangsa anu bakal diusir ti dinya ku Mantenna, leuwih gede jeung leuwih kuat ti batan maraneh, nya eta bangsa Het, bangsa Gergas, bangsa Emor, bangsa Kanaan, bangsa Pares, bangsa Hiwi, jeung bangsa Yebus.

²Lamun eta bangsa-bangsa ku PANGERAN Allah maraneh geus diserenkeun ka maraneh sarta geus areleh, paehan kabeh, ulah aya anu dipikarunya, komo diajak babarengan mah ulah.

³Pacuan maraneh kawin ka bangsa eta. Anak maraneh oge henteu meunang,

⁴ sabab tangtu bakal dibawa mungkir ti PANGERAN tuluy ngabarakti ka allah-allah sejen. Upama nepi ka kitu, PANGERAN tangtu bendu ka maraneh, sarta bakal gancang nyiksa.

⁵ Ku sabab kitu, altar-alter maranehna ku maraneh kudu dibasmi, pilar-pilar batu karamatna raremukkeun, arca-arca Dewi Asera sesembahanana cacag, brahala-brahala duruk.

⁶ Kudu kitu, sabab maraneh teh umat kagungan PANGERAN Allah maraneh. Ti sakabeh bangsa saalam dunya, maraneh teh ku Mantenna diunculkeun, dijadikeun umat-Na ku manten.

⁷ Tapi maraneh dipikaasih jeung diunculkeun ku PANGERAN teh lain ku sabab leuwih loba bilangan ti batan batur, malah maraneh teh bangsa anu pangleutikna di saalam dunya.

⁸ Saenyana mah lantaran PANGERAN nyauheun ka maraneh, jeung seja nohonan jangji-Na anu diikrarkeun ka karuhun maraneh. Kitu sababna Mantenna, ku kakawasaana-Na anu digjaya, geus ngajait maraneh tina jadi budak raja Mesir.

⁹ Mana kanyahokeun, PANGERAN Allah maraneh teh estu Allah, tur sipat welas, tigin kana jangji-Na, sarta mikaheman nepi ka sarebu turunan ka sakur anu ngesto sarta gumati kana timbalana-Na.

¹⁰Sabalikna Mantenna moal asa-asa ngabales ka sakur anu mikageuleuh ka Mantenna.

¹¹Mana ti ayeuna, sagala piwuruk anu geus katarima ku maraneh, boh anu enggeus-enggeus, boh papakon-papakon anu ku Bapa diwurukkeun poe ieu, kudu diarestokeun."

¹²"Lamun maraneh suhud ngestokeun ieu papakon-papakon, PANGERAN Allah maraneh bakal ngabuktikeun jangji-Na, sarta bakal mikanyaah salalanggengna, sakumaha anu ku Mantenna diikrarkeun ka karuhun maraneh.

¹³Mantenna bakal maparin berkah, sarta maraneh bakal reuay anak nepi ka bilangan maraneh beuki ngalobaan. Bakal cukup dahareun, gandum, anggur, minyak jetun, lantaran tanah maraneh bakal disina cukul. Bakal baroga sapi, baroga domba, paparin ti Mantenna. Eta sagala berkah bakal dipaparinkeun ka maraneh, di tanah anu ku Mantenna geus dijangjikeun ka karuhun pikeun maraneh.

¹⁴Di saalam dunya taya deui bangsa anu sakitu diberkahanana kawas maraneh. Boh jelema boh ingon-ingon di maraneh moal aya anu gabug.

¹⁵Maraneh ku PANGERAN bakal dijauhkeun tina sagala panyakit, jeung moal dikeunaan sasalad anu bareto katarenjo ku maraneh tumerap ka Mesir. Bangsa kasakit kitu

ku Mantenna bakal dikeunakeun ka musuh-musuh maraneh.

¹⁶Sakur bangsa anu ku PANGERAN geus diserenkeun ka leungeun maraneh, basmi, ulah aya anu dipikarunya. Maraneh ulah nyarembah ka aallahanana, sabab lampah kitu teh bisa matak cilaka ka maraneh.

¹⁷Eta bangsa-bangsa anu jumlahna leuwih loba ti batan maraneh teh ulah dipikir, ulah dirasa hamo bisa diusir.

¹⁸Ulah dipikasieun. Sing aringet, dikumahakeun bareto raja Mesir jeung rahayatna ku PANGERAN Allah maraneh.

¹⁹Sing aringet, maraneh nyaho sorangan PANGERAN Allah maraneh bareto nurunkeun balahi-balahi sakitu bangetna, ngayakeun mujijat-mujijat anu araheng, metakeun pangawasa jeung kaperkosaan anu taya bandinganana, dianggo jalan ngajait maraneh ti Mesir. Eta bangsa-bangsa anu dipikasieun ku maraneh oge bakal dibasmi ku jalan kitu keneh.

²⁰Malah bakal disina geugeumeueun ku PANGERAN, jeung najan kalabur atawa nyarumput ge mo burung tumpur dibasmi.

²¹Nu matak teu kudu sarieun ku eta jalma-jalma teh. PANGERAN Allah maraneh bakal nyarengan ka maraneh. Mantenna teh Allah anu punjur liwat saking, matak pikasieuneun sarerea.

²² Mun maraneh enggeus ka daritu, eta bangsa-bangsa teh ku PANGERAN bakal ditungtut disalingkirkeun. Ku maraneh ulah disakalikeun ngabasmina, sabab bakal ngabalukarkeun daratangna sato galak, matak nyusahkeun ka maraneh keneh.

²³ Eta musuh-musuh teh ku PANGERAN bakal diserenkeun ka maraneh, disina tagayur garugup, nepi ka bisa dibasmi ku maraneh.

²⁴ Raja-rajana oge bakal diserenkeun, paehan bae kabeh, sina ulah aya anu nginget-nginget deui. Moal aya anu bisa nyegah ka maraneh, kabeh oge ku maraneh bakal kabasmi.

²⁵ Arca-arcana durukan. Jeung ulah kabita ku emas perak anu dipake ngahias eta arca-arca, komo nepi ka terus dipiboga mah ulah! Sabab lamun kitu maraneh bahla! Sabab PANGERAN mikageuleuh ka brahala-brahala.

²⁶ Pacuan, ulah pisan aya arca anu ku maraneh dibawa ka imah. Lamun nepi ka kitu maraneh oge bakal disapa cara eta. Nistakeun eta brahala-brahala teh, pikagiruk, sabab kabeh ge eta teh geus disapa ku PANGERAN."

8 ¹"Ieu papakon-papakon anu ku Bapa diwurukkeun ayeuna gumatikeun, supaya maraneh harirup, ngalobaan, jeung laksana engke nya ngancik di tanah anu ku PANGERAN geus dijangjikeun ka karuhun pikeun maraneh.

²Sing aringet, PANGERAN Allah maraneh sakitu ngapingna, nuyun ngambah tanah gurun geus opat puluh taun ieu. Mantenna sok maparin kasukeran-kasukeran, mecac hate maraneh daraek henteuna anut kana sagala timbalana-Na.

³Maraneh disina kalempohan taya dahareun, geus kitu dipaparin manna. Eta kadaharan tacan aya anu enggeus ngadahar. Maraneh tacan, kolot-kolot maraneh tacan. Maksud Mantenna supaya maraneh nyaho yen anu nunjang hirup manusa teh lain ngan dahareun wungkul, saenyana mah saniskara anu ditimbalkeun ku PANGERAN.

⁴Di jero opat puluh taun ieu, pake maraneh teu datang ka butut, dampal suku teu datang ka maropog.

⁵Kanyahokeun, PANGERAN Allah maraneh meperihna ka maraneh teh lir bapa ngadidik anak.

⁶Mana oge lalampahkeun sagala timbalana-Na teh, tuturkeun sagala pikukuh-Na, jeung masing sieun ku Mantenna.

⁷Ayeuna maraneh ku PANGERAN Allah maraneh keur dicandak ka hiji tanah anu kacida suburna, walungan-walungan cur-cor, cinyusu pating burial, ti jero taneuh cai tinggolontor mapay lebak mipir pasir,

⁸tanahna pinuh ku gandum, jawawut, anggur, kondang, dalima, jetun, jeung madu,

⁹taya bahan kalaparan atawa kurang dahar. Gunung-gunung cadasna ngandung beusi, tambaga di pasir-pasir bisa diala.

¹⁰Sagala dahareun ge aya. Nu matak abong lamun teu nepi ka maruji sukur teh ka PANGERAN Allah maraneh, dumeh geus dipaparin tanah anu sakitu alusna."

¹¹"Peupeujeuh, ulah nepi ka poho ka PANGERAN Allah maraneh. Peupeujeuh, ulah nepi ka ingkar tina sagala papakon anu ku Bapa diwurukkeun poe ieu.

¹²Mun enggeus loba hakaneun, enggeus baroga imah alus,

¹³enggeus loba boga sapi, domba, perak, emas, jeung sajaba ti eta,

¹⁴peupeujeuh ulah nepi ka ujub ria terus poho ka PANGERAN Allah maraneh anu ngajait ti Mesir, tempat maraneh diperbudak.

¹⁵Mantenna teh enggeus nuyun maraneh ngambah gurun anu nya lega nya pinuh ku nu matak paur, enggon oray nu maratih jeung kalajengking. Di tanah anu garing ngentak-ngentak teu aya cai, Mantenna ngabijilkeun cai tina batu cadas, supaya maraneh bisa ngarinum saseubeuhna.

¹⁶Di satengahing jalan maraneh dipaparin Manna, kadaharan anu iraha teh teuing aya anu geus ngadahar, maraneh tacan, kolot-kolot maraneh tacan. Maraneh ku Mantenna sok disusuker, anu maksud-Na

mecak kasatiaan maraneh, anu engkena bakal diganjar ku nu pisenangeun.

¹⁷ Jadi, poma ulah dir, boga pikir beunghar beunang sorangan, kuat kawasa beunang sorangan.

¹⁸ Sing aringet nu matak barisa usaha nepi ka jadi baleunghar teh saenyana mah paparin ti PANGERAN. Kawantu Mantenna mah nepi ka waktu ieu ge tetep satia kana jangji-Na anu bareto diikrarkeun ka karuhun maraneh.

¹⁹ Peupeujeuh, ulah nepi ka poho ka PANGERAN Allah maraneh. Ulah nepi ka ingkar tuluy nyembah ngabakti ka allah-allah sejen. (8-20) Lamun nepi ka kitu, Bapa ngingetan ti ayeuna keneh, maraneh tangtu dibasmi.

²⁰ (8-21) Teu narurut ka PANGERAN tangtu ditumpurkeun cara bangsa-bangsa anu ku Mantenna geus digempur hareupeun panon maraneh."

9 ¹ "Eh urang Israil, maraneh ayeuna tereh meuntasan Walungan Yordan, bakal ngarebut tanah bogana bangsa-bangsa anu leuwih gede leuwih kuat ti batan maraneh. Nagara-nagarana lalega, kuta-kutana laluhur nepi ka langit,

² jelemana jarangkung gede, baredas, bangsa raksasa, pan aya bejana ka maraneh ge, cenah moal aya anu kuat ka maranehna.

³ Tapi engke ku maraneh katenjo, PANGERAN Allah maraneh bakal majeng ti heula lir

seuneu anu ngalebur. Ana maraneh geus maju, musuh ku Mantenna bakal diusir sarta gancang dibasmi. Kitu timbalana-Na.

⁴Tapi lamun musuh geus disingkirkeun ku PANGERAN Allah maraneh, ulah boga rasa yen pangna ku Mantenna diasupkeun ka eta tanah jeung ngamilikna teh pedah geus pantesna kitu. Lain kitu! Eta musuh nu matak ku PANGERAN disingkirkeun teh lantaran daroraka.

⁵PANGERAN Allah maraneh, nu matak ngawidian eta tanah dicokot ku maraneh teh lain ku sabab maraneh bageur jeung bener. Musuh anu matak disingkirkeun teh lantaran kalakuanana garoreng, jeung ku sabab Mantenna rek ngabuktikeun jangji anu diikrarkeun ka karuhun maraneh, Ibrahim, Ishak, jeung Yakub.

⁶Kanyahokeun, PANGERAN maparinkeun eta tanah anu sakitu alusna teh lain ku sabab maraneh hade lampah. Lain! Da maraneh teh tetep tukang murugul.

⁷Sing aringet, kumaha bareto maraneh di gurun keusik nyieun pibendueun PANGERAN Allah maraneh. Ti barang budal ti Mesir nepi ka ayeuna di dieu, maraneh ngan ngalawan bae ka Mantenna.

⁸Malah di Gunung Sinai maraneh dibenduan ku PANGERAN. Harita Mantenna kacida benduna nepi ka meh ngabasmi.

⁹ Harita Bapa keur aya di puncak eta gunung, rek narima papan batu anu ditulisan ku perjangjian ti Allah pikeun maraneh. Opat puluh poe opat puluh peuting Bapa di dinya, teu dahar teu nginum.

¹⁰ Sanggeus kitu Bapa narima eta papan batu ti Mantenna, geus ditulisan ku timbalan-timbalan anu diandikakeun ti jero seuneu tea, basa maraneh kumpul di suku eta gunung. Anu nyeratna ge PANGERAN ku manten.

¹¹ Sanggeus opat puluh poe opat puluh peuting, kakara PANGERAN masihkeun eta dua papan batu ka Bapa, geus dieusi ku perjangjian anu diserat ku Mantenna.

¹² Harita PANGERAN ngadawuh kieu ka Bapa, Geuwat geura turun gunung, jelema-jelema anu ku maneh dibudalkeun ti Mesir teh geus nyarieun lampah goreng, marigawe dosa. Geus alingkar tina timbalan-timbalan Kami, jeung geus nyarieun aallahan keur sembaheunana.

¹³ Dawuhanana deui, Tetela eta jelema-jelema teh kacida mantangulna.

¹⁴ Maneh ulah ngahalang-halang ka Kami, eta jelema-jelema ku Kami arek dibasmi, sing ulah aya anu nginget-nginget deui. Sanggeus kitu maneh ku Kami arek dijadikeun karuhun hiji bangsa anu leuwih gede jeung leuwih kuat batan eta.

¹⁵ Bapa turun ti eta gunung, mawa dua papan batu anu dieusi perjangjian tea. Gebura ya seuneu ti luhur gunung.

¹⁶ Maraneh ku Bapa kasampak geus alingkar tina timbalan PANGERAN, geus marigawe dosa ka Mantenna, nyieun hiji brahala sasapian tina logam.

¹⁷ Bapa ngabeubeutkeun eta dua papan batu nepi ka beulah.

¹⁸ Ti dinya Bapa ngadeuheus deui ka payuneun PANGERAN, bruk sujud kana taneuh, opat puluh poe opat puluh peuting deui teu dahar teu nginum. Bapa nepi ka kitu teh ku sabab eta dosa maraneh nu sakitu matak benduna ka PANGERAN.

¹⁹ Bapa kacida paurna ningal PANGERAN mani ngagidir bendu-Na, meh bae ngabasmi ka maraneh. Hadena PANGERAN kersaeun keneh ngadangu panuhun Bapa.

²⁰ Jeung harita Bapa teh mangnedakeun Harun ongkoh, sabab harun oge dibenduan meh disina tiwas.

²¹ Barang anu doraka jijieunan maraneh nya eta sasapian beunang nyitak tea ku Bapa dicokot, dialungkeun kana seuneu tuluy diancurkeun jadi bubuk, tuluy diawurkeun ka susukan anu ngocor ti eta gunung.

²² Nya kitu keneh di Taberah, di Masa, jeung di Kibrot Taawa, maraneh nyieun pibendueun PANGERAN.

²³ Jeung basa maraneh ti Kades Barnea
dipiwarang ngarebut tanah anu geus
diajangkeun pikeun maraneh, maraneh baha,
teu percaya, teu narurut.

²⁴ Ti barang Bapa mimiti wawuh ge maraneh
teh geus ngaralawan ka PANGERAN.

²⁵ Bapa nyuuuh ka payuneun PANGERAN,
opat puluh poe opat puluh peuting, sabab
Mantenna geus meh bae ngabasmi ka
maraneh.

²⁶ Bapa sasambat, Nun PANGERAN Nu Maha
Agung, mugi ulah ngabasmi ka eta jalmi-jalmi
kenging Gusti ngajait ti Mesir nganggo
kawasa rosa.

²⁷ Sing emut ka abdi-abdi Gusti, Ibrahim,
Ishak sareng Yakub. Mugi teu dianggo
kekeling galih sanaos maranehna teh
mantangul, arawon lampah, marigawe dosa.

²⁸ Bilih Gusti ku urang Mesir dipajardeun
teu iasa ngalebetkeun eta umat ka tanah
anu dijangjikeun tea. Bilih ceuk urang Mesir
Gusti ngaluuardeun eta umat ti Mesir teh baris
dibasmi di gurun keusik reh ku Gusti parantos
dipikageuleuh.

²⁹ Sanaos kumaha oge eta jalmi-jalmi teh ku
Gusti parantos diunculkeun dijadikeun umat
kagungan, tur kenging Gusti ngajait ti Mesir
nganggo kawasa rosa."

10¹ "PANGERAN ngadawuh ka Bapa,
Maneh kudu nyieun deui papan batu
dua siki kawas anu ti heula, tuluy nyieun peti

keur wadahna. Lamun enggeus maneh kudu ka Kami ka puncak gunung.

²Tulisan Kami anu dina papan batu anu geus ruksak ku maneh ku Kami rek dituliskeun deui dina eta, tuluy petian ku maneh.

³Seug Bapa nyieun peti tina kayu akasia, jeung nyieun dua papan batu kawas anu ti heula, tuluy dibawa unggah ka gunung.

⁴PANGERAN nyeratkeun deui timbalan-timbalan anu diserat dina papan batu anu ti heula, nya eta Sapuluh Timbalan anu diandikakeun ti jero seuneu, basa maraneh kumpul di suku eta gunung tea. Geus kitu eta papan batu teh diserenkeun ka Bapa,

⁵tuluy Bapa turun. Eta papan batu ku Bapa diasupkeun kana peti sakumaha dipiwarangna ku PANGERAN, nya eta dina peti anu dijieun ku Bapa. Ti harita tetep disimpel di dinya."

⁶(Urang Israil arindit ti sumur-sumur urang Yaakan, ngajugjug ka Mosera. Di Mosera Harun pupus, tuluy dikurebkeun. Elasar putrana dijadikeun imam ngaganti anjeunna.

⁷Ti Mosera terus ka Gudgod, ti Gudgod terus ka Yotbata anu loba susukanana.

⁸Basa keur di gunung, PANGERAN ngangkat kaom Lewi jadi purah ngurus Peti Perjangjian, purah ngimaman ngawulaan Mantenna, jeung purah ngucapkeun berkah kalawan asma Mantenna.

⁹Ku hal eta kaom Lewi mah henteu meunang bagian tanah saperti kaom-kaom sejen.

Tapi maranehna dibarere hak jaradi imam PANGERAN, sakumaha pangandika Gusti PANGERAN ka maranehna tea.)

¹⁰"Bapa di luhur gunung meunang opat puluh poe opat puluh peuting, cara ti heula. Panuhun Bapa supaya Mantenna ulah tulus ngabasmi maraneh tea didangu.

¹¹Sanggeus kitu Bapa ku Mantenna dipiwarang turun ti gunung, sarta kudu mingpin maraneh ngarebut tanah anu ku Mantenna dijangjikeun ka karuhun maraneh."

¹²"Ayeuna eh urang Israil, barangdungan ieu pamundut PANGERAN Allah maraneh, nya eta: Maraneh kudu ngabakti ka PANGERAN. Sagala timbalanana lampahkeun. Ka Mantenna kudu sumujud, kudu kumawula sing jujur,

¹³nurut kana sagala papakon-Na anu ku Bapa diwurukkeun ayeuna keur pijamugaeun maraneh.

¹⁴PANGERAN teh nu kagungan langit, malah langit-langit beh ditueun langit ge kagungana-Na, kitu deui bumi jeung sagala eusina.

¹⁵Parandene kitu kacida mikaasihna ka karuhun maraneh, nepi ka maraneh ku Mantenna diunculkeun ti bangsa-bangsa sejen, tur tetep jadi umat pilihan Mantenna.

¹⁶Mana ti semet ayeuna kudu ngesto ka PANGERAN, ulah marantangul bae.

¹⁷ PANGERAN Allah maraneh teh Allahna sagala allah, Gustining sagala kakawasaan. Pinunjul, digjaya, matak sieun liwat saking. Mantenna tara pilih kasih, tara pandang ruruba.

¹⁸ Sipat-Na jujur satia, sanajan ka nu pahatu atawa ka randa-randa. Heman ka anu marilu hirup di urang, sarua dipaparinan dahar pake.

¹⁹ Mana kudu mikaheman ka anu eukeur ngumbara, da maraneh oge kungsi ngumbara di Mesir.

²⁰ Masing anut ka PANGERAN, Allah maraneh, ngabakti ngan ka Mantenna bae wungkul. Sing sujud tumutur, sarta ari ikrar sumpah ngan kudu ku karana jenengana-Na bae.

²¹ Sanggakeun puji ka Mantenna, da Mantenna teh Allah maraneh, tur ku maraneh ge enggeus kasaksi naon-naon dadamelana-Na anu aragung jeung araheng, pikeun maraneh.

²² Basa karuhun maraneh mimiti daratang ka Mesir kabehna ngan tujuh puluh urang. Ari maraneh ayeuna ku PANGERAN Allah maraneh didamel sakieu lobana, lir bentang-bentang di langit ku loba-lovana."

11 ¹"Mana kudu nyaraah ka PANGERAN. Salawasna kudu narurut kana sagala papakon-Na.

²Sing aringet ayeuna naon-naon anu geus kanyahoan ku maraneh perkara PANGERAN

tina nu geus kaalaman ku maraneh. Anak-anak maraneh mah teu ngalaman hal-hal cara kitu. Maraneh anu geus narenjo kapunjulan PANGERAN, anu narenjo kakawasaana-Na, kadigjayaana-Na, jeung sagala mujijat-Na.

³Maraneh anu narenjo dikumahakeun raja Mesir jeung sakuliah nagarana ku Mantenna.

⁴Maraneh anu narenjo kumaha dimusnakeunana balad Mesir anu ngudag ka maraneh, ku PANGERAN dilelepkeun kabeh di Laut Beureum katut pasukan kuda jeung kareta-karetana.

⁵Maraneh anu geus ngarasa kumaha pitulung Mantenna di gurun, samemeh maraneh nepi ka dieu.

⁶Kitu deui anu dipidamel ku Mantenna ka Datan jeung Abiram anakna Eliab urang Rubin. Kapan katenjo ku sarerea eta dua jelema teh dilegleg ku bumi anu ngadadak beulah, dicapluk jeung sakulawargana katut jalma-jalma anu bariluk, katut jeung ingon-ingonna.

⁷Maraneh, nya maraneh anu narenjo eta kajadian-kajadian dadamelan PANGERAN anu sakitu harebatna teh."

⁸"Anu matak estokeun ieu papakon-papakon Mantenna anu ku Bapa keur diwurukkeun. Lamun kitu maraneh bisa terus meuntas ngarebut tanah anu keur dijugjug ayeuna.

⁹Sarta engke bisa tetep renggenek di tanah anu kacida gemah ripahna, anu dijangjikeun

ku PANGERAN yen bakal dipaparinkeun ka karuhun maraneh turun-tumurun.

¹⁰Eta tanah anu rek direbut teh jauh pisan bedana ti tanah Mesir urut maraneh bareto. Di Mesir mah maraneh rek pepelakan teh kudu hese cape heula, kudu ngatur heula picaieunana.

¹¹Sabalikna tanah anu rek direbut mah loba gunungna loba lebakna, tanahna riduh ku hujan.

¹²Eta mah tanah sataun-sataunna teh dijaga jeung ditalingakeun ku PANGERAN Allah maraneh.

¹³Mana kudu sing narurut kana timbalan-timbalan Mantenna anu ku Bapa diwurukkeun ayeuna. Sing nyaraah ka PANGERAN Allah maraneh teh, sing saruhud kumawula ka Mantenna.

¹⁴Lamun kitu, lahan-lahan maraneh teh engke ku PANGERAN disiram ku hujan dina musimna, sanggeus maraneh panen, jeung dina waktu mimiti melak. Maraneh bakal cukup gandum, anggur jeung minyak jetun.

¹⁵Jukut keur sapi moal kurang, jeung sagala dahareun aya.

¹⁶Jadi poma ulah nepi ka ingkar ti PANGERAN tuluy nyembah ka allah-allah sejen.

¹⁷Lamun lampah maraneh kitu geus tangtu PANGERAN bendu. Mantenna moal nurunkeun hujan; tanah maraneh jadi garing moal

ngabijilkeun hasil. Maraneh geus tangtu tereh maraoet, sanajan eta tanah paparin ti Mantenna teh kacida alusna.

¹⁸ Aringetkeun ieu papakon-papakon teh, pupusti. Cangreudkeun dina leungeun, sangsangkeun dina tarang, supaya teu weleh inget.

¹⁹ Wurukkeun ka barudak, jeung kudu dipagunemkeun, keur di imah, keur di mana-mana, keur ngaso, keur barang gawe.

²⁰ Tuliskeun dina tihang panto, di imah jeung di lawang buruan.

²¹ Lamun kitu maraneh saanak-anak bakal tumuluy saumur-umur nya matuh di tanah anu ku PANGERAN geus dijangjikeun ajang karuhun maraneh, bakal tetep renggenek di dinya sapanjang langit ngauban bumi.

²² Sing saruhud nya ngestokeun sagala papakon anu diwurukkeun ku Bapa, nya eta: Nyaah ka PANGERAN Allah maraneh, ngalakonan sagala timbalana-Na jeung satia ka Mantenna.

²³ Engke ari maraneh geus maju, bangsa-bangsa di ditu anu leuwih gede jeung leuwih kuat ti maraneh, ku PANGERAN bakal disingkirkeun kabeh, nepi ka tanah urutna bisa dicokot ku maraneh.

²⁴ Tanah mana bae anu katincak ku dampal suku maraneh bakal jadi milik. Pilegaelunana wewengkon maraneh ti kidul ti semet gurun keusik, kebat ka kaler nepi ka Pagunungan

Libanon, ti wetan ti semet Walungan Eprat kebat ka kulon nepi ka basisir Laut Tengah.

²⁵ Ka mana bae maneh ngajugjug di eta tanah, pribumina ku PANGERAN bakal disina sarieuneun. Kitu jangji Mantenna. Moal aya anu bisa ngahalang-halang ka maraneh.

²⁶ Ayeuna Bapa rek mere piliheun, piberkaheun atawa panyapa.

²⁷ Nu piberkaheun, nya eta lamun maraneh ngestokeun timbalan-timbalan PANGERAN Allah maraneh anu ku Bapa diwurukkeun ayeuna.

²⁸ Anu panyapa nya eta lamun maraneh ingkar tina ieu papakon sarta nyembah ka allah-allah sejen anu tadina maraneh can nyaho-nyaho acan.

²⁹ Engke lamun maraneh ku PANGERAN geus diasupkeun ka tanah anu rek direbut tea, anu bakal piberkaheun dijalankeunana kudu di Gunung Gerisim, anu bakal jadi panyapa kudu di Gunung Ebali.

³⁰ (ieu gunung duanana aya di peuntas kulon Walungan Yordan, di wewengkon urang Kanaan anu maratuh di Lebak Walungan Yordan. Pernahna ngujur ka kulon, teu jauh ti sapasang tangkal di More, deukeut kota Gilgal.)

³¹ Moal lila deui maraneh bakal meuntasan Walungan Yordan, bakal ngarebut tanah anu ku PANGERAN bakal dipaparinkeun.

³² Lamun maraneh enggeus maratuh di ditu, peupeujeuh ieu papakon-papakon anu ayeuna diwurukkeun ku Bapa teh arestokeun."

12¹ "Aya deui pikukuh-pikukuh anu kudu digumatikeun saumur hirup, di tanah anu rek dipaparinkeun ka maraneh ku PANGERAN, Allah maraneh. Darengekeun!"

² Tempat-tempat anu ku urang ditu diparake ngabakti ka allah-allahna di gunung-gunung, di pasir-pasir, jeung di handapeun tangkal-tangkal anu ngararoyom kabeh ku maraneh kudu digempur.

³ Altar-altarna remukkeun, pilar-pilar karamatna ancurkeun, arca-arca Dewi Asera sesembahanana duruk, brahala-brahalana cacag, sangkan henteu disarembah deui.

⁴ Adat ibadah urang ditu ka allah-allahna ku maraneh ulah diturutan dipake ngabakti ka PANGERAN Allah maraneh.

⁵ Tempat pikeun ngadeuheus jeung ngabakti ka Mantenna kudu ngabaku, tur kudu ngan hiji. PANGERAN ku manten anu bakal nangtukeun tempatna, milih salah sahiji wewengkon ti kaom-kaom maraneh.

⁶ Ka dinya maraneh kudu nyanggakeun kurban-kurban anu dibeuleum, jeung anu rupa-rupa deui, nyanggakeun perpuahan, jeung pangbakti-pangbakti sejen, kurban mayar panadaran, kurban sukarela, jeung bakti cikal sapi kitu deui cikal domba.

⁷ Nya di dinya, di payuneun PANGERAN Allah maraneh, maraneh sakulawarga nya kudu dahar jeung ngarasakeun kabungah tina usaha anu geus hasil ku karana berkah Mantenna.

⁸ Engke dina waktuna, kalakuan teh ulah cara anu enggeus-enggeus. Nepi ka ayeuna maraneh ngabakti teh sakarep-karep bae,

⁹ lantaran tacan matuh di tanah anu rek dipaparinkeun, jadi tacan boga pamatuhan anu aman.

¹⁰ Sanggeus maraneh meuntasan Walungan Yordan, tangtu ku PANGERAN ditulungan pikeun nempatan jeung nyicingan eta tanah. Mantenna baris ngajaga maraneh ti sakabeh musuh. Hirup maraneh baris lugina.

¹¹ PANGERAN bakal milih hiji tempat keur paranti maraneh ngabakti ka Mantenna. Nya ka dinya maraneh kudu ngajugjug pikeun nyanggakeun sakur anu ku Bapa geus ditataan, nya eta: kurban-kurban beuleuman jeung kurban-kurban lianna, bakti perpuluhan jeung pangbakti husus anu ku maraneh geus dijangjikeun ka PANGERAN.

¹² Sing barungah aya di payuneun Mantenna teh, reujeung anak, reujeung para badega, reujeung ahli-ahli Lewi anu salembur jeung maraneh, da kapan maranehna mah henteu dibagianan tanah milik.

¹³ Jadi nyanggakeun kurban teh ulah sambarang di mana bae,

¹⁴kudu di tempat anu geus dibakukeun ku PANGERAN, tur ngan eta-etana, anu engke ku PANGERAN dipilih ti salah sahiji wewengkon kaom-kaom maraneh. Ngan di tempat eta maraneh meunang nyanggakeun kurban anu dibeuleum teh, kitu keneh nyanggakeun rupa-rupa deui saperti anu ku Bapa geus ditataan tadi.

¹⁵Tapi ari meuncit keur dahareun biasa mah di mana-mana ge meunang. Masih rek meuncit sakumaha lobana oge pek bae, eta mah kumaha dipaparinna milik ku PANGERAN bae. Jeung ari anu kitu mah sing saha bae oge meunang ngadahar, boh nu susuci, boh nu henteu, taya bedana ti jeung ngadahar daging uncal atawa mencek.

¹⁶Ngan getihna poma ulah didahar, kudu sina ngucur kana taneuh kawas cai.

¹⁷Anu baris disanggakeun ka PANGERAN, sarupa ge teu meunang aya anu didahar di tempat cicing maraneh, boh perpuluhan-perpuluhan tina gandum, cianggur jeung minyak jetun, boh sapi cikal atawa embe domba cikal, kitu deui pamayar panadaran ka PANGERAN, pangbakti suka rela, jeung kurban-kurban sejenna.

¹⁸Bangsa kieu mah didaharna kudu di payuneun PANGERAN bae, di tempat hiji-hijina anu geus dibakukeun ku PANGERAN, Allah maraneh. Didaharna bareng jeung anak, jeung para badega, jeung ahli-ahli Lewi anu

salembur jeung maraneh, dibarengan ku suka sukur dumeh geus bisa ngalampahkeun kitu.

¹⁹ Jeung omat, saumur-umur ge maraneh di ditu teh ulah nepi ka neler-neler urang Lewi.

²⁰ Lamun wewengkon maraneh ku PANGERAN Allah maraneh geus dijadikeun tambah lega sakumaha jangji-Na, bisi harayang ngadahar daging, iraha-iraha ge meunang.

²¹ Upama ka tempat ngabakti teh kacida jauhna, heug maraneh hayang meuncit sapi atawa domba paparin ti PANGERAN, pek bae, jeung dagingna meunang didahar di imah, sakumaha ceuk Bapa tadi.

²² Nu suci nu henteu taya halangan ngadahar eta, sakumaha ka daging uncal atawa mencek.

²³ Ngan getihna kahade ulah kadahar, karana getihna teh nyawana. Daging teu meunang didahar jeung nyawana.

²⁴ Getihna kudu dikucurkeun kana taneuh kawas cai, teu meunang dijieun dahareun.

²⁵ Lamun garumati kana hal ieu, maraneh bakal kagalih ku PANGERAN, bakal jamuga saanak incu.

²⁶ Ngan sakur-sakur anu disucikeun pikeun PANGERAN, kurban-kurban jeung pangbakti-pangbakti anu tumali jeung ikrar ka PANGERAN, eta mah kudu disanggakeun ka tempat ngabakti anu hiji tea.

²⁷ Kurban beuleuman jeung kurban anu dagingna didahar, kudu dibaktikeun dina altar PANGERAN, sarta getihna kucurkeun kana altar.

²⁸ Tarurut sing gumati sakur anu ku Bapa diparentahkeun teh, supaya maraneh saanak incu jamuga saumur-umur, lantaran ngalampahkeun anu bener, anu sapagodos jeung manah PANGERAN, Allah maraneh."

²⁹"Lamun maraneh enggeus ngarurug eta tanah, bangsa-bangsa urang ditu bakal dibasmi ku PANGERAN Allah maraneh, tanahna bisa dirampas terus diandih.

³⁰ Sanggeus eta bangsa-bangsa tumpes ku PANGERAN, pacuan maraneh kairid ku tata ibadahna, matak bahla. Ulah harayang nyaho caraning maranehna ngajalankeun ibadah ka allah-allahna, bisi maraneh oge kitu.

³¹ Kahade, ngabakti ka Allah mah ulah make tata cara maranehna ngabarakti ka allah-allahna. Sabab cara-cara ngabarakti ka allah-allahna teh estu matak pikagirukeun PANGERAN. Malah sok mareuncit anakna sorangan diduruk dina altar pamujaanana.

³² Heug garumatikeun ieu piwuruk Bapa sing cara kitu, ulah leuwih ulah kurang.

13¹ Bisa jadi engke aya nabi atawa tukang norah impian-impian, nyebutkeun yen bakal aya mujijat atawa kaahengan,

² anu maksudna rek ngagembang, sangkan maraneh ngabakti ka allah-allah anu

samekehna tacan disembah ku maraneh.
Kahade, najan upama panorahna bukti oge,
³maraneh ulah kagoda. Eta jelema saenyana
keur dianggo jalan ku PANGERAN anu rek
ngudi kasuhudan hate maraneh ka Mantenna.

⁴Sing junun ka PANGERAN, sing hormat, sing
ngesto jeung tigin kana sagala timbalana-Na,
ngabakti sarta satuhu.

⁵Hukum paeh sakur tukang norah impian,
atawa nabi anu ngicuk-ngicuk sangkan
maraneh ngalawan ka PANGERAN, anu
ngaluarkeun maraneh ti Mesir urut maraneh
dibadegakeun. Eta jelema teges doraka,
ngagembang ka maraneh ngajak ingkar tina
lampah hirup anu dipundut ku PANGERAN.
Paehan bae, supaya maraneh luput tina dosa
sarupa kitu.

⁶Bisa jadi malah aya dulur, atawa anak
lalaki, anak awewe, pamajikan, atawa sobat
dalit, ngajak nyembah ririkipan ka allah-allah
sejen, anu ku maraneh jeung ku karuhun
maraneh can kungsi disembah.

⁷Teu mustahil ti antarana aya anu ngagoda
ka maraneh, ngajak ngabakti ka allah-allah
urang dinya anu deukeut-deukeut ka maraneh
atawa anu jauh.

⁸Ulah kabengbat, ulah didenge. Ka jelema
kitu ulah karunya atawa watir, ulah hayang
ngabela.

⁹Paehan! Benturan ku batu, maraneh anu
kudu nimpungan ti heula, tuluy ku sarerea.

¹⁰Haben timpugan ku batu nepi ka paeh!
Sabab ngajak ingkar ti PANGERAN Allah
maraneh, anu nyalametkeun maraneh ti
Mesir, tempat maraneh dibadegakeun.

¹¹Sina kauar-aer ka sakumna bangsa Israil,
sina sarieuneun, supaya ulah aya deui anu
migawe kadorakaan saperti kitu.

¹²Di mana maraneh geus maratuh di
kota-kota anu geus dipaparinkeun ku
PANGERAN Allah maraneh, lamun ngadenge
beja

¹³aya bangsa sorangan anu bangkawarah
ngamurtadkeun warga kota sina ngabarakti
ka allah-allah sejen anu ku maraneh tara
disembah,

¹⁴dongdon, talengteng sing gemet. Lamun
enya aya kajadian kitu,

¹⁵jelema-jelemana paehan kabeh katut
jeung ingon-ingonna. Kotana tumpurkeun.

¹⁶Harta bandana tumpukkeun di alun-alun,
duruk kotana jeung sagala eusina, jieun
kurban ka PANGERAN Allah maraneh, sina
kari urut sapapanjangna. Ulah diadegkeun
deui.

¹⁷Naon bae anu asal ti dinya kudu
diharamkeun, basmi sama sakali. Kade, ulah
aya anu dicokot keur diri sorangan. Sangkan
PANGERAN lemper benduna, kersaeun
mikawelas ka maraneh, kersaeun maparin
kurnia ngalobakeun bilangan maraneh,
sakumaha jangji-Na ka karuhun maraneh,

¹⁸asal maraneh tetep ngestokeun sagala parentah Mantenna, ngalampahkeun sagala pamundut-Na, sakumaha anu ku Bapa ditepikeun poe ieu."

14 ¹"Maraneh teh umat PANGERAN Allah maraneh. Lamun katinggal maot ulah sok nurihan maneh atawa ngabotakan sirah lebah tarang kawas adat bangsa sejen.

²Maraneh mah milik Gusti PANGERAN Allah maraneh. Geus dipisahkeun ti bangsa-bangsa sejen, dijadikeun umat Mantenna."

³"Naon-naon anu diharamkeun ku PANGERAN ulah didahar.

⁴Sato anu meunang didahar dagingna nya eta: sapi, domba, embe,

⁵mencek, domba leuweung, embe leuweung, atawa uncal,

⁶tegesna sato anu cekerna beulah dua jeung ngagayem.

⁷Sato anu teu ngagayem jeung anu kukuna teu beulah, teu meunang didahar. Onta, kelinci, marmot, teu meunang didahar, enya ge ngagayem tapi cekerna henteu beulah.

⁸Babi kudu diharamkeun, sabab enya ge cekerna beulah dua tapi henteu ngagayem. Ulah-bon didahar, dicabak bangkena ge ulah.

⁹Sagala rupa lauk anu cecepetan jeung sisitan meunang didahar.

¹⁰Sato cai anu henteu cecepetan atawa henteu sisitan kudu diharamkeun, ulah didahar.

¹¹ Sagala rupa manuk anu halal meunang didahar.

¹² (14: 12-18) Anu henteu meunang didahar nya eta: rajawali, bueuk, rupa-rupa heulang, dadali, alap-alap, kaak, gagak, manuk onta, camar, belokok jeung rupa-rupa manuk bango, julang, kapimis, koreak jeung kalong.

¹³ (14: 12)

¹⁴ (14: 12)

¹⁵ (14: 12)

¹⁶ (14: 12)

¹⁷ (14: 12)

¹⁸ (14: 12)

¹⁹ Bangsa serangga anu jarangjangan haram, teu meunang didahar.

²⁰ Bangsa serangga anu henteu haram, meunang didahar.

²¹ Sato anu paeh ku maneh teu meunang didahar, tapi meunang didahar ku urang asing anu cicing di maraneh, atawa jual ka urang asing. Omat, maraneh mah ulah ngadahar, da geus jadi milik PANGERAN Allah maraneh, umat kagungana-Na. Jeung ulah ngulub daging anak domba atawa anak embe ku cisusu indungna."

²² "Hasil bumi saban taun kudu dijakatkeun saperpuluhan.

²³ Perpuluhan gandum, cianggur, minyak jetun, cikal sapi, cikal domba, bawa sarta dahar di tempat ngabakti ka PANGERAN beunang ngabakukeun Mantenna. Biasakeun

kitu nandakeun maraneh saumur-umur
ngamulyakeun ka PANGERAN Allah maraneh.

²⁴ Upama tempat ngabakti teh jauh teuing ti
imah nepi ka hese mawa perpuluhan berkah
PANGERAN ka ditu, kieu bae:

²⁵ Perpuluhanana jual heula. Anu dibawa ka
tempat anu dipilih ku PANGERAN teh duitna.

²⁶ Beulikeun kana naon bae: sapi atawa
embe domba, anggur atawa tuak. Pek di
eta tempat, di payuneun PANGERAN Allah
maraneh, maraneh dalahar jeung kulawarga,
sarta senang-senang.

²⁷ Ulah poho ka urang Lewi batur sakota,
kawantu teu barogaeun tanah milik.

²⁸ Unggal-unggal tutup taun katilu, maraneh
kudu marawa saperpuluhna tina hasil tanah,
kumpulkeun di kota-kota maraneh.

²⁹ Eta bahan dahareun teh keur urang
Lewi, da teu barogaeun tanah milik, pikeun
urang asing, pikeun yatim pahatu jeung
randa-randa, anu caricing di kota-kota
maraneh. Maranehna meunang daratang
nyarokot naon bae butuhna. Lamun hal
eta ku maraneh dilampahkeun, sagala
usaha maraneh tangtu baris diberkahan ku
PANGERAN Allah maraneh."

15 ¹"Unggal-unggal tutup taun katujuh,
sakur anu baroga hutang duit ka
maraneh, hutangna kudu dipupus.

²Nya eta sakur anu ngarinjeumkeun duit ka
sasama Israil deui, pihutangna ulah ditagih,

kudu dilubarkeun bae. Sabab PANGERAN ku manten anu ngembarkeun, yen mangsa eta hutang-hutang kudu dilubarkeun.

³Pihutang ka nu henteu sabangsa meunang ditagih. Pihutang ka sasama bangsa mah ulah ditagih.

⁴Jeung ongkoh sasama bangsa sorangan mah moal aya anu miskin, sabab eta tanah anu rek dipaparinkeun ku PANGERAN Allah maraneh teh ku Mantenna bakal diberkahan,

⁵asal maraneh saruhud ngesto ka Mantenna sarta tigin kana sagala hal anu ku Bapa diwurukkeun poe ieu.

⁶PANGERAN tangtu ngaberkahan ka maraneh sakumaha pangandika-Na. Maraneh moal nepi ka kudu nginjeum ka bangsa sejen, sabalikna bakal nginjeumkeun. Moal nepi ka dikawasaan ku bangsa sejen, sabalikna bakal ngawasaan ka maranehna.

⁷Bisi bae di salah sahiji kota di tanah anu rek dipaparinkeun ku PANGERAN Allah maraneh, aya sasama bangsa sorangan anu kakurangan, maraneh ulah koret, ulah nepi ka teu nulungan.

⁸Bere nginjeum sakumaha pangabutuhna, kudu balabah.

⁹Ulah nepi ka mogogan mere nginjeum pedah upamana bae dumeh geus deukeut kana taun ngalubarkeun. Ulah kaasupan pikiran goreng kawas kitu. Sabab upama maneh nepi ka embung mere nginjeum, anu

nginjeum teh bakal jumerit ka PANGERAN ku hal maneh, geus tangtu matak dosa ka maneh.

¹⁰ Nu matak sing rido mere nginjeum ulah ngeked, supaya sagala usaha maneh meunang berkah ti PANGERAN.

¹¹ Moal nepi ka teu aya urang Israil anu miskin jeung walurat, tangtu aya bae. Nu matak Bapa meupeujeuhan pisan sing balabah ka maranehna."

¹² "Lamun aya sasama bangsa, lalaki atawa awewe ngajual diri kumawula ka maraneh, lamun kumawulana geus genep taun, dina mimiti taun anu katujuh kudu dilepas, sina bebas.

¹³ Tapi ulah disina balik kitu bae teu dibekelan naon-naon.

¹⁴ Kudu dibekelan masing loba, naon bae pangaboga maneh, domba, gandum, anggur.

¹⁵ Kudu rarumasa maraneh oge bareto bubudak di Mesir, geuning ku PANGERAN Allah maraneh dileupaskeun. Eta sababna Bapa marentahkeun kitu ka maraneh teh.

¹⁶ Tapi teu mustahil anu kumawula teh embungeun balik tina geus ngarasa betah jeung nyauheun ka maraneh sakulawarga.

¹⁷ Lamun kitu bawa nu kumawula teh kana panto imah, tindik ceulina teueulkeun kana panto, nandakeun yen saumur hirupna seja kumawula ka maraneh. Nu awewe oge kudu dikitukeun.

¹⁸Dina waktuna ngalepas ulah ngarasa lebar, karana sajero genep taun kumawula ka maneh, upahna ngan satengahna ti upah anu buburuh biasa. Pek arestokeun kitu, sangkan sagala usaha maraneh meunang berkah PANGERAN."

¹⁹"Sakabeh cikal sapi jeung cikal domba anu jalu kudu disucikeun pikeun PANGERAN Allah maraneh. Sapina teu meunang dipake magawe, dombana teu meunang diala buluna.

²⁰Saban taun eta cikal-cikal teh sanggakeun ka PANGERAN di tempat anu baku paranti ngabakti, tuluy kudu didalahaar di dinya sakulawarga, di payuneun Mantenna.

²¹Tapi lamun satona cacad, cingked atawa pecak, atawa cacad leuwih ti kitu, teu meunang disanggakeun ka PANGERAN Allah maraneh.

²²Nu kitu mah peuncit bae di imah jeung bisa didahar ku saha bae, ku nu suci ku nu henteu, cara daging uncal atawa mencek.

²³(15-22b) Ngan getihna ulah didalahaar, kudu dikucurkeun kana taneuh cara cai."

16¹"Unggal bulan Abib kudu mestakeun Paska pikeun ngamulyakeun ka PANGERAN Allah maraneh. Sabab nya dina bulan eta dina hiji peuting bareto maraneh ku Mantenna diluputkeun ti Mesir.

²Dina waktuna, maraneh kudu arindit ka tempat ngabakti, sarta di ditu masing-masing

kudu meuncit embe domba atawa sapi
hiji pikeun dahar Paska, ngamulyakeun ka
PANGERAN Allah maraneh.

³ Didaharna kudu jeung roti anu teu make
ragi. Tujuh poe lilana ulah ngadalaha roti
anu make ragi, cara bareto basa maraneh
rurusuhan budal ti mesir. Roti kitu disebutna
roti kabalangsakan. Maksudna pikeun jadi
pangeling-eling saumur hirup kana poean
maraneh budal ti mesir, ti tempat maraneh
kabalangsak.

⁴ Di sakuliah wewengkon dina waktu eta di
unggal imah ulah aya anu ngagunakeun ragi,
tujuh poe lilana. Daging sato anu dipeuncit
dina peutingan poe kahiji kudu beak didahar
peuting eta keneh.

⁵ (16: 5-6) Sato-sato pikeun Paska
dipeuncitanana kudu di hiji tempat bae,
nya eta di tempat ngabakti, teu meunang
di mana-mana di sakuliah wewengkon
anu dipaparinkeun ku PANGERAN Allah
maraneh. Dipeuncitanana kudu sanggeus
surup panonpoe, cara dina poean maraneh
ninggalkeun Mesir.

⁶ (16: 5)

⁷ Dagingna kulub tuluy kudu didalahar di
dinya keneh di tempat ngabakti. Poe isukna,
isuk-isuk kudu baralik.

⁸ Ngadalaha roti teu make ragi teh kudu
terus keneh genep poe deui. Dina katujuh
poena maraneh teu meunang barang gawe,

kudu kumpul ngabakti ka PANGERAN Allah maraneh."

⁹"Dina usum dibuat gandum, ti barang ngamimitian dibuat maraneh kudu ngitung waktu tujuh minggu.

¹⁰Geus kitu kudu ngayakeun Pesta Panen, pikeun ngamulyakeun ka PANGERAN Allah maraneh, ku jalan nyanggakeun pangbakti suka rela ka PANGERAN Allah maraneh, sakadarna nurutkeun gedena rejeki anu katarima ti Mantenna.

¹¹Sing barungah di payuneun PANGERAN, di tempat anu dipilih ku Mantenna tea, bareng jeung anak, para badega, urang Lewi, urang asing, para yatim pahatu, jeung randa-randa anu caricing di kota-kota maraneh.

¹²Peupeujeuh ieu pikukuh-pikukuh teh gumatikeun. Ulah paroho, maraneh bareto di Mesir geus dibadegakeun."

¹³"Sanggeus beres ngirik gandum jeung meres buah anggur, maraneh kudu nyieun Pesta Saung Daun lilana tujuh poe.

¹⁴Pek saruka-suka jeung anak, para badega, urang Lewi, urang asing, para pahatu, randa-randa, batur sakota.

¹⁵Pestana tujuh poe di tempat anu geus baku paranti ngabakti, pikeun ngamulyakeun ka PANGERAN Allah maraneh. Sing bungah lantaran PANGERAN geus ngaberkan hasil bumi jeung pagawean maraneh.

¹⁶Tilu kali di jero sataun sakabeh jelema bangsa maraneh kudu ngabarakti ka PANGERAN di tempat parantina, ngalaksanakeun tilu rupa pesta: Pesta Paska, Pesta Panen, Pesta Saung. Unggal jalma kudu mawa pangbakti,

¹⁷sakumaha bae kadugana nurutkeun gedena rejeki anu katarima ku maraneh ti PANGERAN Allah maraneh."

¹⁸"Di saban kota anu dipaparinkeun ku PANGERAN ka maraneh, kudu aya hakim sababaraha urang, kitu deui gegeden lianna, anu kudu nguruskeun perkara reujeung adil.

¹⁹Nimbang perkara ulah sawenang-wenang, ulah beurat sabeulah, ulah kasogok, sabab pangruruba teh bisa ngabutakeun najan ka nu wijaksana jeung jujur oge, nepi ka salah mutus perkara.

²⁰Mana salawasna kudu lempeng satemenna, supaya bisa maratuh nepi ka tetep renggenek di eta tanah anu dipaparinkeun ku PANGERAN Allah maraneh.

²¹Di sisi altar pikeun PANGERAN Allah maraneh ulah aya arca brahala tina kayu anu ngalambangkeun Asera.

²²Jeung teu meunang nyieun pilar batu pikeun ngabakti ka brahala. Barang kitu kaijid PANGERAN.

17¹Ulah ngurbankeun sapi atawa embe domba cacad ka PANGERAN Allah maraneh, Mantenna moal kersaeun.

²Upamana, maraneh meunang beja di salah sahiji kota maraneh aya jelema lalaki atawa awewe anu migawe dosa ka PANGERAN, ingkar tina perjangjian Mantenna,

³ngabakti jeung ngawula ka allah-allah sejen, atawa nyembah ka panonpoe atawa ka bulan atawa ka bentang-bentang, anu papalingpang jeung pangandika PANGERAN.

⁴Lamun meunang beja kitu kudu ditalengteng sing gemet. Upama enya di Israil aya lampah doraka kitu,

⁵bawa jelemana ka luareun kota, tuluy tenggoran ku batu nepi ka paeh.

⁶Tapi samemeh prak kudu aya saksi heula duaan atawa leuwih, anu ngaenyakeun kana dosana. Lamun saksina ngan saurang, ulah tulus dipaehan.

⁷Anu kudu nenggor ti heula ku batu saksi-saksi, ti dinya kakara jalma rea nalenggoran eta jelema ku batu. Ku jalan kitu maraneh numpes eta kadorakaan.

⁸Bisa jadi aya perkara anu hese diputusna ku hakim di salah sahiji kota, upamana bae urusan tanah milik, urusan anu ngarogahala, atawa perkara ngabedakeun antara anu maehan ngahaja jeung teu kahaja. Upama aya urusan kitu, hakim kudu muru ka tempat ngabakti anu dipilih ku PANGERAN Allah maraneh.

⁹Bejakeun perkarana ka imam-imam Lewi jeung ka hakim anu keur tugas di dinya, sina diputus ku aranjeunna.

¹⁰Nya aranjeunna anu baris mutusna, sarta maraneh kudu ngajalankeun sing taliti sakur anu disaurkeun ku aranjeunna.

¹¹Sakur anu diputuskeun jeung ditangtukeun ku aranjeunna jalankeun ulah aya anu kaliwat.

¹²Sing saha anu wani-wani nolak putusan ti hakim jeung imam-imam anu keur tugas, kudu dipaehan, supaya eta kadorakaan tumpes ti Israil.

¹³Jeung supaya anu ngadenge eta perkara jadi sieuneun, ambeh ulah aya deui anu wani-wani nyieun peta kitu."

¹⁴"Lamun maraneh geus arasup ka tanah anu bakal dipaparinkeun ku PANGERAN Allah maraneh sarta geus tetep tumetep, bisa jadi harayang boga raja cara bangsa-bangsa sakuringna.

¹⁵Lamun arek nyieun raja, kudu milih jelema anu kapilih ku PANGERAN, jeung kudu bangsa sorangan. Ulah milih pirajaeun ti urang asing.

¹⁶Raja teu meunang boga kuda loba-loba keur baladna jeung teu meunang nitah rahayat ka Mesir meuli kuda, sabab PANGERAN geus ngandika, yen umat-Na teu meunang ka ditu deui.

¹⁷Raja ulah loba pamajikan, bisi matak ingkar ti PANGERAN, jeung teu meunang boga perak jeung emas loba-loba.

¹⁸Lamun geus jeneng, raja kudu dibere buku anu eusina hukum-hukum Allah jeung pikukuh-pikukuh-Na, salinan tina aslina anu disimpen ku imam-imam Lewi.

¹⁹Eta buku salinan ulah jauh ti raja, baceaeunana saumur hirup, sangkan daek ngamulyakeun ka PANGERAN, daek enya-enya ngestokeun sakur anu kaungel di dinya,

²⁰jeung supaya ulah boga rasa punjul ti sasama urang Israil, ulah datang ka ingkar tina patokan-patokan PANGERAN. Sangkan awet marentahna, sarta karajaan Israil sina tumurun ka anak incuna sapapanjangna."

18¹"Ari imam-imam kaom Lewi, ku sabab henteu meunang bagian tanah milik, mareunangna pangasilan teh tina kurban-kurban jeung pangbakti-pangbakti anu dihaturkeun ka PANGERAN.

²Maranehna teu meunang aya anu boga tanah milik cara kaom-kaom sejen, tapi dibere hak jaradi imam PANGERAN, sakumaha pangandika Mantenna tea.

³Tiap-tiap aya kurban, sapi atawa domba, suku hareup ti semet walikat, cacapek, jeung kekemplong, kudu dibikeun ka para imam.

⁴Hasil gandum munggaran, cianggur, minyak jetun jeung bulu domba, eta ge jang bagian maranehna.

⁵Pangna kudu kitu, lantaran ti sakabeh kaom, kaom Lewi mah ku PANGERAN geus

dibakukeun salawasna kudu ngimaman ngalalayanan Mantenna.

⁶Upama aya urang Lewi asal ti kota mana bae di Israil datang ka tempat ngabakti anu dipilih ku PANGERAN, sarta hayangeun cicing di dinya,

⁷manehna meunang ngalakonan tugas imamna ngalalayanan PANGERAN Allahna, cara urang Lewi lianna anu tugas di eta tempat.

⁸Eta oge kudu dibere bagian dahareun hakna, sing sarua jeung nu sejen sasamana imam. Kitu deui naon bae pangirim ti kulawargana, eta ge keur manehna."

⁹"Saupama geus maratuh di tanah anu rek dipaparinkeun ku PANGERAN Allah maraneh, peupeujeuh ulah nurutan kalakuan bangsa-bangsa urang ditu.

¹⁰Ulah ngaduruk anak dijieun kurban dina altar. Ulah aya bangsa maraneh anu metangan atawa nujum, ngajampe,

¹¹atawa neangan tanda-tanda galagat, atawa ngumaha ka arwah jelema anu geus paraeh.

¹²PANGERAN Allah maraneh mikajid ka jelema anu kalakuanana sarupa kitu. Eta sababna bangsa-bangsa itu ku Mantenna diusir, disingkahkeun ti hareupeun maraneh.

¹³Hirup maraneh kudu satia tuhu ka PANGERAN."

¹⁴ Saur Musa deui, "Bangsa-bangsa di tanah anu rek direbut tea, laku lampahna nuturkeun pituah tukang-tukang nujum jeung tukang-tukang ramal. Maraneh mah teu meunang kitu, dilarang ku PANGERAN Allah maraneh.

¹⁵ Sabalikna Mantenna baris ngutus hiji nabi ka maraneh, ti bangsa urang keneh, cara Bapa ayeuna. Ku maraneh kudu diturut.

¹⁶ Basa maraneh kumpul di Gunung Sinai, maraneh mani menta-menta ka Bapa supaya ulah dibere deui ngadenge gentra PANGERAN, ulah ditarere nenjo deui seuneu kamulyaana-Na, tina ku bawaning sarieun paeh.

¹⁷ Dawuhan PANGERAN ka Bapa harita kieu, Alus eta jelema-jelema marenta kitu, bener.

¹⁸ Lamun kitu engke ku Kami dibere nabi bae, anu cara maneh sarta anu asal ti maranehna keneh. Naon-naon anu kudu dipicatur ku eta nabi tangtu engke ku Kami dipapatahkeun. Nya manehna anu bakal nyaturkeun timbalan-timbalan Kami ka eta jelema-jelema.

¹⁹ Cacaturna kudu mawa jenengan Kami. Jalma anu teu nurut kana omonganana ku Kami tangtu dihukum.

²⁰ Tapi sabalikna deui, upama aya nabi anu lancang nyaturkeun amanat mawa jenengan Kami, padahal Kami henteu ngadawuhkeun naon-naon, eta nabi tangtu tiwas. Kitu keneh

nabi anu micatur make ngaran allah-allah sejen.

²¹ Meureun ceuk maraneh, Kumaha rek kanyahoanana yen anu diucapkeun ku eta nabi teh lain asal ti PANGERAN?

²² Najan mawa jenengan PANGERAN, ari omonganana henteu bukti mah lain asal ti PANGERAN, asal tina karepna sorangan bae, ulah dipikasieun."

19¹ "Sanggeus bangsa-bangsa di tanah anu rek dipaparinkeun tea geus ditumpes ku PANGERAN Allah maraneh, sarta kota-kota jeung imah-imahna geus dicaricingan ku maraneh,

²(19: 2-3) eta tanah kudu dibagi tilu bagian, anu masing-masing ngabogaan hiji kota anu babari diburuna. Gunana, bisa aya jelema anu maehan, bisa kabur nyalindung ka salah sahiji kota kitu.

³(19: 2)

⁴Lamun aya jelema tariking cilaka nepi ka niwaskeun batur nu lain musuh, bisa salamet lamun kaburu kabur ka salah sahiji kota anu tilu tea.

⁵Upamana kieu: Aya dua jelema bareng arindit ka leuweung rek nuar kai. Nu saurang waktu keur ngulangkeun kampakna kana kai, hulu kampakna coplok, melesat keuna ka baturna nepi ka baturna misan. Anu niwaskeunana kudu gancang kabur ka salah sahiji kota panyalindungan sangkan salamet.

⁶Lamun kota anu kitu teh ngan hiji-hijina, lamun jauh teuing meureun memeh tepi geus kaberk manten ku baraya anu tiwas, anu bek eta jelema nu teu salah teh dipaahan bawaning ku ambek. Padahal niwaskeun batur soteh geus tariking cilakana bae, lain ku sabab geuleuh.

⁷Kitu maksudna nu matak ceuk Bapa kudu aya tilu.

⁸Lamun wewengkon maraneh ku PANGERAN geus dilegaan sakumaha pangandika-Na ka karuhun maraneh bareto, sarta sakuliah eta tanah ku Mantenna geus diserenkeun ka maraneh sakumaha pangandika-Na tea,

⁹maraneh kudu milih tilu kota deui salian ti eta. (Eta tanah teh tangtu dipaparinkeun kabeh, asal maraneh tigin kana sagala perkara anu ku Bapa diwurukkeun poe ieu, jeung baroga hate nyaah ka Mantenna, narurut kana sagala papakon Mantenna.)

¹⁰Ku sabab kitu jalankeun papatah Bapa anu bieu teh, nya eta milih tilu kota deui, sangkan jelema-jelema anu teu salah ulah nepi ka dipaahan, jeung supaya maraneh di tanah anu rek dipaparinkeun ku PANGERAN ulah nepi ka salah maehan jelema anu tanpa dosa.

¹¹Sabalikna, jelema anu ngamusuh ka batur tuluy ngarah nepi ka maehanana, geus kitu kabur ka salah sahiji kota panyalindungan,

¹²nu kitu mah kudu gancang diala ku para kokolot ti kotana, tuluy serenkeun ka baraya anu dipaehanana sina dipaehan.

¹³Ulah dipikarunya. Israil kudu beresih ti tukang maehan, supaya maraneh jamuga."

¹⁴"Jeung di eta tanah anu rek dipaparinkeun ku PANGERAN Allah teh maraneh teu meunang ngarobah patok wates lahan tatangga, anu geus ditetepkeun ti dituna."

¹⁵"Pikeun ngabuktikeun kasalahan salah sahiji jelema, teu cukup saksi saurang. Saeutikna kudu aya dua saksi anu ngaenyakeun kana kasalahanana.

¹⁶Lamun aya dua jelema padu, seug anu saurang nuduh ku tuduhan palsu ngarah anu dituduhna cilaka,

¹⁷duanana kudu jagrag di tempat ngabakti, supaya perkarana dipariksa ku para imam jeung hakim di dinya anu keur tugas.

¹⁸Perkarana ku hakim kudu disusud sing telik. Lamun bukti yen anu nuduh papada Israil teh teu bener,

¹⁹kudu hukum ku hukuman anu ku manehna dipiharep keuna ka anu dituduh. Ku jalan kitu maraneh nyegah eta kajahatan aya di maraneh.

²⁰Sina kauar-aer ka jalma rea sangkan sarieuneun, sangkan ulah aya deui anu nyieun kajahatan kawas kitu.

²¹Jelemana ulah dipikarunya, hukum sing satimpal: nyawa bayar nyawa, mata bayar

mata, huntu bayar huntu, leungeun bayar leungeun, suku bayar suku."

20¹ "Lamun maraneh budal ngayonan musuh, heug musuh bogaeun pasukan kareta jeung kuda, turug-turug baladna leuwih gede, maraneh teu kudu rentag. PANGERAN Allah maraneh anu ngaluarkeun maraneh ti Mesir tan wande nyarengan.

² Samemeh perang campuh, imam kudu ngahatean balad. Kieu,

³ Eh bangsa Israill! Ayeuna maraneh rek indit jurit. Tong sieun ku musuh. Ulah miris mangsar-mingsir.

⁴ PANGERAN Allah maraneh bakal nyarengan. Ku Mantenna maraneh tinangtu unggul.

⁵ Ti dinya tema ku senapati, Saha anu kakara anggeus nyieun imah acan ngayakeun upacara ngaresmikeunana? Jig balik bae, bisi ana paeh di medan perang imahna dicicingan ku batur.

⁶ Saha anu kakara tas melak anggur can kaburu mupu buahna? Jig balik bae, bisi ana kasambut jurit anggurna batur nu mupu.

⁷ Saha anu eukeur babakalan tereh kawin? Jig balik bae, bisi ana tiwas kasambut, pipamajikaneunana dikawin batur.

⁸ Jeung kieu deuih senapati kudu ngomongan ka balad, Saha anu kecing taya kawani? Jig bae balik, bisi matak rentag ka sarerea.

⁹ Mun geus anggeus senapati ngomongan balad, para pangurus kudu milih pamuk-

pamuk anu kudu ngapalaan pasukan-pasukan.

¹⁰Lamun maraneh pareng ngarurug ka nagara batur, pribumina sina milih heula rek nyerah atawa ngalawan.

¹¹Lamun mukakeun lawang nagarana tandaning nyerah, jieun babandan bae jaradikeun kawula, belekesekkeun kana gawe.

¹²Sabalikna lamun arembungeun nyerah, milih perang, kepung nagarana, lingkung ku balad.

¹³Ana nagarana ku PANGERAN geus diserenkeun ka maraneh, paehan kabeh sakur lalaki.

¹⁴Awewena, barudakna, ingon-ingonna jeung sagala harta bandana cokotan jang maraneh. Naon bae urut pangaboga musuh pek parake, da ku PANGERAN geus diserenkeun ka maraneh.

¹⁵Kitu anu kudu dilarapkeun ka nagara-nagara anu jarauh ti tanah maraneh anu bakal dipaparinkeun ku PANGERAN tea.

¹⁶Tapi lamun ngarurug nagara-nagara anu aya di jero lingkungan tanah maraneh keneh, anu ku PANGERAN bakal dipaparinkeun tea, jelemana kabeh kudu dipaehan.

¹⁷Jelema-jelemana kudu ditumpes kabeh: urang Het, urang Emor, urang Kanaan, urang Pares, urang Hiwi, jeung urang Yebus. Kitu dipiwarangna ku PANGERAN.

¹⁸ Paehan kabeh bisi engkena mawa maraneh migawe dosa ka PANGERAN, ngajarkeun kalakuanana anu pikagirukeun, nyembah ka allah-allahna.

¹⁹ Lamun maraneh ngajorag ka salah sahiji nagara, sarta kapareng ngepungna lila, maraneh ulah nepi ka ngagempur sarupaning tangkal bubuahanana. Bubuahanana pek alaan, tapi tangkalna ulah diganggu, da musuh maraneh teh lain tatangkalanana.

²⁰ Kayu keur nyieun benteng paningker nagarana mah nuaran kayu sejen bae anu lain tangkal bubuahan."

21 ¹"Upamakeun, di nagri anu dipaparinkeun ku PANGERAN Allah maraneh teh aya jelema anu kapanggih di tegal geus paeh lantaran aya anu maehan, teu nyaho saha nu maehanana.

²Pamingpin jeung hakim maraneh kudu kaluar, ngukur anggangna tempat korban ti kota-kota anu dareukeut ka dinya.

³ Para pamingpin kota anu pangdeukeutna ka tempat korban kudu mawa hiji sapi ngora anu tacan meujeuhna dipake magawe.

⁴ Bawa eta sapi ka hiji susukan anu mayeng ngocorna, sarta tanah di lebah dinya tacan pisan diwuluku atawa dipelakan; pinggeskeun beuheungna di dinya.

⁵ Para imam Lewi oge kudu ka darinya, sabab maranehna kudu nyieun putusan perkara-perkara anu tumali jeung sual

kakerasan. Maranehna ku PANGERAN Allah maraneh geus diangkat jadi purah ngawulaan ka Mantenna, jeung purah ngaberkanan jalma rea kalawan asma PANGERAN.

⁶ Geus kitu para pamingpin kota anu pangdeukeutna ka tempat rajapati tea kudu ngarumbah leungeun luhureun eta sapi anu geus dipinggeskeun beuheungna,

⁷ bari ngucap kieu, Kaula sadaya henteu maehan ieu jelema, jeung henteu terang saha anu ngarogahalana.

⁸ Nun PANGERAN, mugi aya piwelas ka umat Gusti Israil, kenging Gusti nebus ti Mesir. Hapunten abdi sadaya, sareng luputkeun tina perkawis patina ieu jalmi anu taya kalepatanana.

⁹ Lamun eta katangtuan ti PANGERAN geus dijalankeun, maraneh leupas tina tanggung jawab kana eta urusan."

¹⁰ "Lamun maraneh, ku PANGERAN Allah maraneh diunggulkeun perang jeung meunang tawanan,

¹¹ heug di antara tawanan teh aya awewe anu geulis, sarta maraneh bogoh, hayang ngawin.

¹² Bawa eta awewe teh ku maraneh ka imah, tuluy sina ngagunting buukna, ngeureutan kukuna,

¹³ jeung sina salin papakean. Keun antep heula nepi ka sabulan sina nyacapkeun kaprihatinanana ku hal kolotna anu geus

tariwas. Geus kitu mah taya halanganana dikawin.

¹⁴ Lamun maraneh enggeus beak kasukaan ka dirina, pirak bae sina indit ka mana karepna. Ulah dinyenyeri deui, upamana bae dibujangkeun atawa dijual, sabab ku maraneh geus dipanjingan."

¹⁵"Upamana, aya jelema pamajikanana dua. Duanana baroga anak, tapi anakna anu lahir ti heula teh lain ti pamajikan anu jadi kanyaahna.

¹⁶Dina waktuna ngabagi warisan ka anak, ulah nepi ka warisan hak anu cikal teh diwariskeun ka anak ti pamajikan anu pangdipikanyaahna.

¹⁷ Warisan keur anak cikal kudu dua kalieun, sanajan lain anak ti pamajikan anu pangdipikanyaahna. Anak cikal kudu diaku anak cikal, hak warisanana kudu dicumponan sakumaha hak anak cikal."

¹⁸"Upamana, aya jelema boga anak wangkelang resep ngalawan, bedang ka kolot teu kalis ku dihukum.

¹⁹Ku kolotna kudu diserenkeun ka kokolot-kokolot kota patuhanaana sina diadilan.

²⁰Kecap nyerenkeunana kieu, leu pun anak teh bedang, wangkelang tukang ngalawan, awuntah kana artos, sareng resep mabok.

²¹Si basangkal teh kudu dibaledogan ku batu ku jalma rea nepi ka paeh. Jadi eta

anu jahat teh dieuweuhkeun ti maraneh. Perkarana sina kauar-aer supaya urang Israil anu sejenna sarieuneun."

²²"Upamana, aya jelema jahat dihukum paeh sarta mayitna digantung dina tihang,

²³eta mayit ulah diantep di dinya sapeupeuting, kudu diruang poe eta keneh. Sabab mayit anu diantep dina panggantungan teh matak ngadatangkeun panyapa Allah kana tanah. Nu matak kudu terus dikubur supaya tanah anu engke rek dipaparinkeun ku PANGERAN Allah maraneh teh ulah nepi ka jadi najis."

22¹"Upamana, maraneh nenjo sapi atawa domba batur sasama urang Israil anu leupas, ulah kajeunan. Pangnewakkeun, pulangkeun ka nu bogana.

²Tapi lamun imah anu bogana jauh atawa teu nyaho boga saha, bawa balik bae. Lamun anu bogana datang mapaynekeun, bikeun.

³Kitu keneh lamun anu leupas teh kalde, atawa lamun nimu pakean, atawa nimu naon bae barang leuleungiteun batur sabangsa.

⁴Upamana, maraneh nenjo aya kalde atawa sapi boga sasama urang Israil anu ngedeprek ulah diantep, nu bogana bantuan ngahudangkeun.

⁵Awewe teu meunang make papakean lalaki, lalaki teu meunang make papakean awewe.

⁶Upamana, maraneh kabeneran nenjo manuk dina sayang keur nyirekeman endogna

atawa anakna, dina tangkal atawa dina taneuh, ulah ditewak.

⁷ Anakna meunang dicokot. Indungna mah ingkeun sina hiber, supaya maraneh panjang umur reujeung kamuktianana.

⁸ Lamun maraneh nyieun imah anyar, perelukeun sakuriling lotengna make hahalang, supaya upama aya anu ragrag ti dinya nepi ka paeh, maraneh teu disalahkeun.

⁹ Kebon anu dipake melak anggur ulah dipelakan pepelakan sejen. Lamun nepi ka kitu, boh buah anggurna boh nu sejenna ku maneh teu meunang diala.

¹⁰ Sapi jeung kalde teu meunang disapasangkeun narik wuluku.

¹¹ Ulah make pakean anu tinunanana wol ongkoh kaci ongkoh.

¹² Papakean opat tungtung juruna kudu make omyok."

¹³ "Upamana, hiji lalaki ngawin hiji parawan tapi heuleut teu lila lalakina enggeus beak kasukaan,

¹⁴ heug bae jijieunan, nuding majar pamajikanana ti barang dikawin ge geus lain parawan.

¹⁵ Lamun aya anu kitu, kolotna awewe tea kudu nyokot tilam panganten anu geus ceda ku getih, pikeun netelakeun yen anakna basa dikawinkeun teh sidik parawan. Eta tilam tembongkeun ka rengrengan kokolot kota.

¹⁶Bapa awewe tea kudu mihatur kieu, Kuring ngawinkeun pun anak awewe ka Ki Anu. Ayeuna ku Ki Anu parantos teu dipisuka,

¹⁷sareng dituding majar basa dikawin teh parantos sanes parawan. Padahal Ieres pun anak teh parawan. Tingali ieu buktosna, tilam pangantenna ceda ku getih!

¹⁸Eta lalaki ku para kokolot kudu ditangkep tuluy rangket,

¹⁹jeung dimistikeun mayar parurugi ka bapana awewe tea, lantaran geus ngahina hiji parawan Israil. Awewena tetep kudu jadi pamajikanana, saumur-umur henteu meunang diserahkeun.

²⁰Sabalikna lamun panudgingna bener yen eta awewe teh henteu bukti kaparawanana,

²¹eta awewe kudu dibawa ka lawang buruan imah bapana, tuluy baledogan ku batu ku jalma rea nepi ka paeh, sabab geus ngerakeun bangsa, memeh kawin tur cicing keneh di bapana geus nyerenkeun parawanna. Ku jalan kitu eta kadorakaan teh dieuweuhkeun ti maraneh.

²²Upamana, aya lalaki di hiji kota kanyahoan manjingan pamajikan batur. Tangkep duanana, paehan. Ku jalan dipaehan, eta kadorakaan teh dieuweuhkeun ti maraneh.

²³Upamana, di hiji kota aya lalaki kanyahoan manjingan budak parawan anu geus boga papacangan.

²⁴ Giring duanana ka luareun kota, baledogan ku batu datang ka paeh. Nu matak kudu paeh duanana sabab: Nu awewe basa dianu teh sakitu di kota henteu jejeritan menta tulung; nu lalaki lantaran manjingan parawan papacangan batur. Ku jalan diparaahan, eta kadorakaan teh dieuweuhkeun ti maraneh.

²⁵ Upamana, aya lalaki newak budak parawan luareun kota terus dipanjingan. Eta mah paehan lalakina bae.

²⁶ Nyi lanjang mah ulah dikieu-kieu da taya dosana anu manjing dipaehan, lantaran teu beda ti nu jadi korban rajapati,

²⁷ ditewak lalaki di luareun kota, upama jejeritan menta tulung ge moal aya nu bakal nulungan.

²⁸ Upamana, aya lalaki kapanggih manjingan budak parawan anu tacan papacangan.

²⁹ Eta lalaki kudu mayar mas kawin ka bapa nyi lanjang gedena lima puluh uang perak, nyi lanjang kudu terus dikawin sarta satutup umurna teu meunang diserahkeun.

³⁰ Ulah aya anu kurang ajar manjingan salah sahiji pamajikan bapana."

23¹ "Jalma kabiri kitu deui anu buntung rarangan, henteu meunang jadi umat PANGERAN.

² Jalma anu lahir di luar tikah jeung turunanana, najan nepi ka turunan nu kasapuluh ge teu meunang jadi umat PANGERAN.

³Urang Amon, urang Moab, saanak incuna, najan geus turunan nu kasapuluh teu meunang jadi umat PANGERAN.

⁴Basa maraneh di satengahing jalan tas ti Mesir, eta dua bangsa arembungan mere dahareun jeung cai-cai acan, angur ngongkos Balhum anak Beor urang Petor ti Mesopotami sina nyapa ka maraneh.

⁵Sukur PANGERAN Allah maraneh anu asih ka maraneh henteu malire ka Balhum, malah panyapana ku Mantenna dibalik jadi berkah.

⁶Ku sabab kitu, sapanjang maraneh kasebut bangsa mah ulah daek mere pitulung naon-naon ka eta dua bangsa, ulah mere anu bakal jadi kamuktianana.

⁷Urang Edom ulah dipikagiruk, baraya maraneh eta teh. Urang Mesir oge ulah dipikagiruk, sabab maraneh bareto milu numpang di tanahna.

⁸Anak incu maranehna ti semet turunan katilu saterusna meunang jaradi umat PANGERAN."

⁹"Dina waktu perang, pasanggrahan balad ulah nepi ka kanajisan.

¹⁰Lamun ti peuting aya anu ngimpi baseuh nepi ka dirina najis, kudu buru-buru kaluar ti pasanggrahan, cicing di dinya

¹¹nepi ka burit, geus kitu tuluy beberesih. Sanggeus surup panonpoe kakara meunang asup deui ka pasanggrahan.

¹²Di luareun pasanggrahan kudu aya tempat paranti miceun.

¹³Ana maraneh aya kaperluan ka dinya kudu mawa cocokel keur nyieun lombang kotoran, urutna kudu dirimbunan.

¹⁴Kahade pasanggrahan ulah kanajisan, sabab di pasanggrahan teh aya PANGERAN Allah maraneh nyarengan, ngaraksa, bakal nyerenkeun musuh ka maraneh. Jadi maraneh di pasanggrahan teh ulah nyieun lampah nista, sabab geus tangtu PANGERAN ngalieus ti maraneh."

¹⁵"Badega anu kabur ti nu bogana sarta menta dibelaan, ku maraneh ulah diserenkeun deui ka nu bogana.

¹⁶Keun sina cicing di kota maraneh di mana sukaeunana, jeung ulah dikaniaya.

¹⁷Urang Israil lalaki awewe ulah aya anu lacur di kuil-kuil pamujaan,

¹⁸jeung duit ladang lacur ulah dipake mayar panadaran, teu meunang diasupkeun ka gedong PANGERAN Allah maraneh, sabab nu lacur di kuil-kuil pamujaan jeung duit ladang palacuran teh kagiruk PANGERAN.

¹⁹Lamun nginjeumkeun duit, dahareun atawa naon bae ka sasama urang Israil, ulah menta dianakan.

²⁰Meunang menta dianakan lamun nginjeumkeunana ka bangsa sejen. Ka sasama Israil mah ulah. Ieu larangan estokeun, supaya sagala usaha maraneh di

tanah anu bakal dipaparinkeun teh meunang
berkah ti PANGERAN Allah maraneh.

²¹ Lamun boga panadaran ka PANGERAN
Allah maraneh, naurna ulah diengke-engke,
ulah datang ka diangkeran ku PANGERAN,
dosa.

²² Teu nadar ge teu matak jadi dosa.

²³ Tapi lamun geus ikrar panadaran
peupeujeuh kudu ditedunan.

²⁴ Lamun ngaliwat ka kebon anggur batur
anu keur baruahan, bisi hayang mah pek bae
ngala sakadar keur dahareun di dinya, tapi
teu meunang diwadahan terus dibawa balik.

²⁵ Kitu deui lamun ngaliwat ka kebon
gandum batur, pek bae marol sarawueun
mah dahareun di dinya, kahade ulah nepi ka
dibabad tangkalna."

24 ¹"Upamana, hiji lalaki ngawin hiji
awewe tuluy beak kasukaan lantaran
pamajikanana nyieun teu pikaresepeun, seug
bojona teh dibere surat talak sarta diusir ti
imahna.

² Upamakeun eta awewe boga salaki deui ka
nu sejen,

³ tapi ku nu ieu ge diserahkeun sarta diusir
ti imahna dumeh geus beak duriat. Atawa,
upamana bae salakina anu pandeuri teh tilar
dunya.

⁴ Eta awewe anu pisah ti salakina anu
pandeuri teh boh ku sabab diserahkeun, boh
ku sabab katilar maot, teu meunang diruju ku

salakina anu ti heula, kudu dianggap awewe anu geus ceda. Mun dibalikan deui matak cua ka PANGERAN. Peupeujeuh ulah nyieun kanistaan kawas kitu di tanah anu bakal dipaparinkeun ku PANGERAN Allah maraneh.”

⁵ “Lalaki anu anyar kawin ulah diwajibkeun jadi serdadu atawa tugas-tugas umum lianna, kudu diluginakeun nepi ka sataun, sina ngurus rumah tanggana jeung nyenangkeun pamajikanna.

⁶ Lamun maraneh mere nginjeum naon bae ka batur, ulah nyokot batu panggilingan gandumna keur jadi tandon. Lamun nyokot eta batu, maraneh teh ngarampas parabot tatali hurip eta kulawarga.

⁷ Anu nyulik sasama urang Israil keur pibadegaeun atawa keur jualeun ka pasar, kudu dipaehan, sangkan eta kajahatan ulah aya di Israil.

⁸ Anu katerap panyakit kulit anu banget, kudu enya-enya nurut kana kasauran imam-imam ahli Lewi. Turut sagala katangtuan anu ku Bapa geus dipapatahkeun ka aranjeunna.

⁹ Sing aringet ka Miryam dikumahakeun bareto ku PANGERAN Allah maraneh, keur di tengah jalan basa tas budal ti Mesir.

¹⁰ Lamun mere nginjeum ka batur sarta tandonna arek ku baju, bajuna ulah dicokot sorangan ka jero imah.

¹¹ Dagoan di luar bae nepi ka diserenkeun ku nu bogana sorangan.

¹²Lamun anu ngagadekeunana teh jalma balangsak, bajuna ulah disimpel nepi ka peuting,

¹³unggal-unggal pabuburit kudu dianteurkeun ka imahna sina dipake sare. Tangtu manehna nganuhunkeun, sarta maneh oge ku PANGERAN Allah maraneh bakal kamanah.

¹⁴Ulah teungteuingeun ka nu miskin jeung balangsak, anu ngadon buburuhan ka maraneh, boh eta teh urang Israil boh urang asing anu nyiruruk di kota maraneh.

¹⁵Unggal poe memeh surup panonpoe buruhanana kudu dibayar, sabab kacida dipikabutuhna jeung geus kaciptaeun bakal katarima. Mun nepi ka teu dibayar, mana teuing lumengisna ka PANGERAN, sarta maraneh jadi dosa.

¹⁶Kolot teu meunang dipaehan ku lantaran kajahatan anakna. Kitu deui anak teu meunang dipaehan ku karana kajahatan kolot. Jalma kudu dipaehan teh ngan ku karana kajahatanana sorangan.

¹⁷Ulah ngaleungitkeun hak jalma ngumbara atawa jalma pahatu; ulah nyokot papakean randa keur tandon injeumanana.

¹⁸Sing aringet maraneh bareto keur jadi badega di Mesir geuning ku PANGERAN Allah maraneh dijait. Eta sababna nu matak Bapa menta ka maraneh kudu kitu.

¹⁹ Lamun keur dibuat di lahan sorangan
aya ranggeuyan-ranggeuyan anu tinggaleun,
ulah diimeutan. Keun bae jang nu keur
ngalumbara, jang para pahatu, jang
randa-randa, sangkan sagala usaha maraneh
meunang berkah ti PANGERAN Allah maraneh.

²⁰ (24: 20-21) Sanggeus buah jetun jeung
buah anggur maneh dipupu sakali, enggeus
bae ulah diala deui, keun nu tacan kaala mah
keur urang asing, keur para pahatu, keur
randa-randa.

²¹ (24: 20)

²² Ulah paroho maraneh teh kungsi
kumawula di Mesir. Eta sababna nu matak
Bapa nitah kitu teh."

25 ¹"Upamana, aya dua jelema urang
Israil daratang ka pangadilan arek
muguhkeun perkarana. Nu saurang diputus
teu salah, nu saurang deui diputus salah.

²Lamun anu salah teh kudu dihukum
rangket, ku hakim kudu disina nangkuban,
tuluy rangket. Lobana pangrangket
gumantung kana kajahatan anu
dilampahkeunana.

³Tapi teu meunang leuwih ti opat puluh
kali. Sabab leuwih ti sakitu mah sarua jeung
diwiwirang di hareupeun umum.

⁴Sapi anu keur dipake ngirik gandum ulah
dicalongcongan."

⁵"Upamana, aya dua jelema adi lanceuk,
cicing reureujeungan di lahan sahiji. Nu

saurang maot jeung teu ninggalan anak. Urut pamajikanana teu meunang kawin deui salian ti ka lalaki ti kalangan kulawarga eta keneh.

⁶Dulurna almarhum teh wajib ngawin eta awewe, sarta ana engkena boga anak, cikalna kudu diitung anak almarhum dulurna, supaya silsilah almarhum ulah leungit ti Israil.

⁷Upama dulur almarhum embungeun ngawin, eta awewe kudu pupulih ka rengrengan kokolot kota, Dulur jenatna pun lanceuk teu sayagi nedunan kawajiban, embungeun masihan turunan ka dulur. Pun lanceuk tangtos moal gaduh turunan di Israil.

⁸Lalaki tea ku para kokolot kota kudu disaur terus weweleh. Lamun keukeuh teu daekeun ngawin,

⁹ku eta awewe kudu disampeurkeun disaksian ku para kokolot kota, pecatkeun tarumpahna, ciduhan beungeutna, bari disebut kieu: Sing dikieukeun jelema anu embung mere turunan ka dulurna sorangan.

¹⁰Saterusna kulawarga eta jelema ku urang Israil kudu disebut kulawarga jalma anu pecat tarumpah."

¹¹"Upamana, aya dua lalaki garelut. Bojo nu saurang datang mantuan salakina, newak rarangan lawan.

¹²Eta awewe kudu diteukteuk leungeunna, ulah karunya.

¹³(25: 13-14) Ulah licik kana timbangan jeung takeran.

¹⁴ (25: 13)

¹⁵ Timbangan kudu jejeg imbangna,
takeran kudu jejeg takeranana, sangkan
maraneh manjang hirup di tanah anu bakal
dipaparinkeun ku PANGERAN Allah maraneh.

¹⁶ Jelema curang kagiruk PANGERAN."

¹⁷ "Sing aringet, kumaha kalakuan bangsa
Amalek basa maraneh tas budal ti Mesir.

¹⁸ Taya pisan ngupamana ka Allah, make
narajang tur ti tukangeun, sajeroning
maraneh keur kalempahan beakeun tanaga.
Bangsa urang anu kataringgaleun lantaran
mopo, beak ditumpes.

¹⁹ Nu matak lamun engke geus araya di
tanah anu rek dipaparinkeun ku PANGERAN
Allah maraneh, lamun geus lugina ti musuh-
musuh anu di sakurilingeun, kudu ngagempur
bangsa Amalek, tumpes kabeh sina ulah
kasebut-sebut deui. Kahade paroho!"

26¹ "Engke, ari maraneh geus matuh
di tanah anu dipaparinkeun ku
PANGERAN Allah maraneh,

² hasil beubeunangan anu pangheulana tina
lahan maraneh asupkeun kana bakul. Ku
maraneh bawa ka tempat ngabakti anu dipilih
ku PANGERAN.

³ Maraneh kudu nepungan imam anu keur
tugas dina waktu eta. Unjukkeun ka anjeunna
kieu, Kuring seja unjuk uninga ka Gusti
PANGERAN, yen parantos matuh di ieu tanah

anu kapungkur ku Mantenna diikrarkeun bakal dipaparinkeun ka kuring.

⁴ Barang pangbakti ku imam tarima, teundeun deukeut altar PANGERAN Allah maraneh.

⁵ Geus kitu maraneh di payuneun PANGERAN kudu ngucapkeun kieu, Karuhun abdi urang Aram ngumbara, sakulawarga ngungsi sareng matuh di Mesir. Barang dongkap mah cacah jiwana mung saeutik. Nanging lami-lami dugi ka jadi bangsa gede sareng kuat.

⁶ Seug ku urang Mesir diteungteuinganan, dipeleter kana gawe dijieun budak.

⁷ Abdi sadaya jumerit ka PANGERAN, Allah panutan karuhun. Mantenna ngamakbul, waspaos kana kabalangsakan sareng kasangsaraan abdi sadaya.

⁸ Seug Mantenna nempongkeun kakawasaan sareng kadigjayaan metakeun pangawasa sakalangkung digjayana, ngajait abdi sadaya ti Mesir, ngayakeun mujijat-mujijat, kaahengan-kaahengan sareng rupi-rupi kajadian anu pikasieuneun.

⁹ Ayeuna abdi sadaya ku Mantenna parantos ditempatkeun di dieu, dipaparin tanah anu subur sareng lendo.

¹⁰ Kitu margina ieu abdi nyanggakeun pangbakti rupi hasil bumi anu dialana pangheulana, paparin ti Mantenna. Ti dinya karanjang anu dieusi pangbakti teh

sanggakeun ka payuneun PANGERAN, sarta maraneh kudu ngabakti di dinya.

¹¹ Sukurkeun sagala berkah PANGERAN Allah maraneh ka maraneh sakulawarga teh. Ajak urang Lewi jeung urang asing anu aya di maraneh, sina milu kana pesta maraneh.

¹² Unggal-unggal taun katilu maraneh kudu mere perpuluhan, nya eta sapersapuluh tina sakabeh hasil tanah ka urang Lewi, ka urang asing, ka para pahatu, jeung ka randa-randa, supaya di saban lingkungan masarakat, maranehna oge mareunang rejeki. Sabada ngaluarkeun perpuluhan,

¹³ kudu unjukan ka PANGERAN, kieu, Sugri perpuluhan hasil tanah anu kedah dibaktikeun ka Gusti, saeutik ge teu aya nu nyesa di rorompok. Sadayana parantos dipasihkeun ka urang Lewi, ka urang asing, ka yatim pahatu, sareng ka randa-randa, tumut sakumaha timbalan Gusti. Sugri timbalan Gusti perkawis perpuluhan, teu aya anu dirempak, teu aya anu kalarung.

¹⁴ Dina waktos kaprihatinan, eta perpuluhan sarupi ge teu aya anu ku abdi diteda; dina waktos abdi eukeur kanajisan, sarupi ge eta teh teu aya anu dibantun kaluar ti rorompok, sareng teu aya sarupi oge anu dianggo ngahajatan anu maot. Nun PANGERAN, abdi teh ngesto ka Gusti. Sugri timbalan Gusti perkawis perpuluhan ku abdi parantos disubadanan.

¹⁵ Mugi urang Israil ku Gusti ditingalikeun ti sawarga, paparinan berkah, kitu deui berkahane ieu tanah anu gemah ripah teh, paparin ti Gusti tea, sakumaha jangji Gusti ka karuhun tea."

¹⁶ "Poe ieu maraneh ku PANGERAN Allah maraneh dipundut kudu tunduk kana sagala pikukuh Mantenna. Tedunan eta pamundut teh reujeung hate suhud.

¹⁷ Poe ieu maraneh geus ngaraku yen PANGERAN teh Allah maraneh, geus ikrar seja gumusti ka Mantenna, seja ngestokeun sagala pikukuh-Na, seja ngalampahkeun sagala timbalana-Na.

¹⁸ Poe ieu maraneh geus diangken ku PANGERAN, geus jadi umat kagungana-Na, cocog sakumaha jangji-Na, nu matak ku Mantenna dipundut kudu tunduk kana sagala papakon-Na.

¹⁹ Dawuhana-Na, maraneh teh bakal dijadikeun hiji bangsa anu leuwih punjur ti sakabeh bangsa kenging Mantenna ngajadikeun, sangkan matak jadi puji jeung hormat kana pajenengan Mantenna. Ku sabab kitu maraneh teh tangtu bakal jadi umat kagungan Mantenna sakumaha pangandika-Na tea."

27 ¹ Geus kitu Musa jeung para pamingpin Israil misaur ka jalma rea, kieu, "Ayeuna raregepkeun ieu papatah Bapa:

²Engke, dina poean meuntasan Walungan Yordan baris terus asup ka tanah anu rek dipaparinkeun ku PANGERAN Allah maraneh, kudu ngumpulkeun batu anu galedé, baluran ku apu.

³Kabeh ungel hukum Allah jeung pikukuh-pikukuh tea tuliskeun di dinya. Lamun geus narepi ka eta tanah anu makmur, anu rek dipaparinkeun ku PANGERAN Allah karuhun maraneh,

⁴sanggeus araya di peuntaseun Walungan Yordan beulah ditu, maraneh kudu ngajugjug Gunung Ebal. Eta batu-batu teh tangtung-tangtungkeun di ditu, sarta baluran ku apu.

⁵Jeung deui kudu nyieun hiji altar tina batu-batu anu can dipigawe make pakakas beusi,

⁶sabab altar haturan PANGERAN mah kudu batu-batu weuteuh guluntungan. Dina eta altar maraneh kudu nyanggakeun kurban-kurban anu kudu dibeuleum.

⁷Jeung kudu meuncit kurban-kurban pikeun panarima, didalahar di tempat eta, payuneun PANGERAN, nandakeun kabungah.

⁸Tuliskeun ungel hukum-hukum PANGERAN dina batu-batu anu beunang ngabaluran ku apu tea."

⁹Geus kitu Musa jeung imam-imam urang Lewi ngalahir deui, "Regepkeun, eh sakumna

bangsa Israil! Poe ieu maraneh geus jadi umat kagungan PANGERAN Allah maraneh.

¹⁰Sing gumati ka Mantenna, gumatikeun sagala pikukuh Mantenna anu ku Bapa diwurukkeun poe ieu."

¹¹Ngalahir deui Musa ka urang Israil,

¹²"Di ditu, sanggeus meuntasan Walungan Yordan, waktuna jalma-jalma diberkahan, kaom Simeon, kaom Lewi, kaom Yuda, kaom Isaskar, kaom Yusup, jeung kaom Binyamin, kudu narangtung di Gunung Gerisim.

¹³Kaom Rubin, kaom Gad, kaom Aser, kaom Sebulun, kaom Dan, jeung kaom Naptali, kudu narangtung di Gunung Ebal.

¹⁴Urang Lewi kudu ngucapkeun ieu embaran sing bedas, sarta urang Israil kudu ngajawab, Amin.

¹⁵Urang Lewi, Sing disapa ku Allah, jelema anu nyieun arca ku batu, kayu, atawa ku logam, seug disembah susulumputan. PANGERAN mikagiruk ka nu nyembah ka brahala. Jalma rea kudu ngajawab, Amin!

¹⁶Sing disapa ku Allah, jelema anu teu hormat ka bapa atawa ka indung, sarta ngantep maranehna kalantar. Umat sakumna, Amin!

¹⁷Sing disapa ku Allah, jelema anu mindahkeun patok wates lahan batur. Umat sakumna, Amin!

¹⁸ Sing disapa ku Allah, jelema anu ngalejokeun nu lolong sina sasab. Umat sakumna, Amin!

¹⁹ Sing disapa ku Allah, jelema anu ngarampas hak jalma ngumbara, hak para pahatu, jeung hak randa-randa. Umat sakumna, Amin!

²⁰ Sing disapa ku Allah, jelema anu kurang ajar ka bapa, manjingan salah saurang pamajikan bapana. Umat sakumna, Amin!

²¹ Sing disapa ku Allah, jelema anu manjingan sato. Umat sakumna, Amin!

²² Sing disapa ku Allah, jelema anu manjingan dulur teges atawa dulur tere. Umat sakumna, Amin!

²³ Sing disapa ku Allah, jelema anu manjingan mitoha awewe. Umat sakumna, Amin!

²⁴ Sing disapa ku Allah, jelema anu bubunian maehan. Umat sakumna, Amin!

²⁵ Sing disapa ku Allah, jelema anu daek disogok maehan nu tanpa dosa. Umat sakumna, Amin!

²⁶ Sing disapa ku Allah, jelema anu ingkar tina pikukuh jeung papakon Allah. Umat sakumna, Amin!"

28 ¹"Lamun maraneh nurut ka PANGERAN Allah maraneh, sarta tigin kana sagala timbalana-Na anu ku Bapa diwurukkeun poe ieu, maraneh ku Mantenna bakal dijadikeun

hiji bangsa anu punjul ti sakabeh bangsa
saalam dunya.

²Sing nurut ka PANGERAN Allah maraneh.
Lamun kitu ieu berkah-berkah tan wande
katarima:

³PANGERAN bakal ngaberkahan nagara
jeung lahan-lahan maraneh.

⁴PANGERAN bakal ngaberkahan maraneh,
reuay anak, mukti tani, gereyek domba jeung
sapi.

⁵PANGERAN bakal ngaberkahan panen
gandum maraneh, kitu deui dahareun anu ku
maraneh dijieun tina gandum.

⁶PANGERAN bakal ngaberkahan sagala
usaha maraneh.

⁷PANGERAN bakal ngelehkeun musuh-
musuh maraneh anu narajang. Maranehna
narajangna mah diatur rapih, tapi tuluy jadi
paburisat kalalabur.

⁸PANGERAN Allah maraneh bakal
ngaberkahan usaha maraneh, sarta ngeusian
leuit-leuit maraneh ku gandum. Mantenna
bakal ngaberkahan ka maraneh di tanah anu
dipaparinkeun ku Mantenna ka maraneh.

⁹Lamun maraneh nurut ka PANGERAN Allah
maraneh, ngalakonan sagala pangandika-Na,
tangtu dijadikeun umat-Na, sakumaha anu ku
Mantenna geus diandikakeun.

¹⁰Saeusi jagat bakal nyarahoeun yen
maraneh ku PANGERAN geus dipilih jadi
umat-Na, nepi ka maraneh pada mikagimir.

¹¹ Ku berkah PANGERAN, maraneh bakal reuay anak, gereyek ingon-ingon, tani mucukil, di tanah anu ku Mantenna geus diikrarkeun ka karuhun ajang maraneh.

¹² Dina musimna, Mantenna bakal ngirim hujan ti gudang kagungana-Na di langit jeung ngaberkaan sagala usaha maraneh, datang ka maraneh teu kudu nguyang, sabalikna loba bangsa anu bakal datang ka maraneh ngarinjeum.

¹³ Maraneh ku PANGERAN Allah maraneh bakal dijieu pamingpin sagala bangsa, minangka sirah, lain buntut. Maraneh tan wande nanjung saumur-umur, pamohalan bakal gagal. Kitu soteh lamun nurut kana sagala perkara anu ku Bapa diwurukkeun poe ieu.

¹⁴ Pacuan ingkar ti eta, jeung pacuan nyembah ngabakti ka allah-allah sejen."

¹⁵ "Lamun baha ka PANGERAN Allah maraneh, teu saregep kana timbalan-timbalana-Na anu ku Bapa diwurukkeun poe ieu, tan wande ieu balakurna anu bakal katarima:

¹⁶ PANGERAN bakal nyapa kota-kota jeung lahan-lahan maraneh.

¹⁷ PANGERAN bakal nyapa pelak gandum maraneh, kitu deui dahareun anu bakal diolah tina eta.

¹⁸PANGERAN bakal nyapa, maraneh hamo boga anak loba, tani hamo bisa mukti, ingon-ingon hamo bisa loba.

¹⁹PANGERAN bakal nyapa sagala usaha maraneh.

²⁰Lamun goreng kalakuan jeung ingkar ti PANGERAN, ku Mantenna bakal digirijig ku balahi, sina pakucrut, sagala usaha moal laksana, gancang tumpes sarerea.

²¹Engke di tanah anu keur dijugjug, ku Mantenna bakal diturugtug ku pagebug, panyakit bagilir-gilir, datang ka hamo aya nu nyesa.

²²Tangtu nandangan siksa PANGERAN, katerap kasakit nular, bareuh bungkul, muriang. Tanah ngahgar ku panas katiga katambah ku angin panas, pepelakan beak ruksak. Balahi mo indit-indit, datang ka maraneh paraeh kabeh.

²³Hujan hamo datang-datang, taneuh teuas ngabaketrap.

²⁴Tinimbang nurunkeun hujan, PANGERAN kalah ka ngadatangkeun angin lebu campur keusik, datang ka maraneh tumpur.

²⁵Maraneh ku PANGERAN bakal diserenkeun ka musuh. Maraneh ngarurug musuh, inditna beres diatur, tapi enggeusna katawuran, kalabur paburisat. Narenjo nasib maraneh kitu, kabeh bangsa di dunya ngarasa rempan sieun jadi kitu.

²⁶ Ana maraneh geus pararaeh, rob bangsa manuk jeung sasatoan anu bareuki daging ngahakanan bangke-bangke maraneh, samemena taya nu ngagebah-gebah.

²⁷ Maraneh ku PANGERAN bakal digebug pinuh ku bisul saperti urang Mesir bareto. Awak raca saluluar, tapak ngautan, barudug, euweuh piubareunana.

²⁸ Bakal disina garelo, lalolong, pinuh ku kajuwet.

²⁹ Ti beurang susur-sasar kawas nu lolong, teu nyaho jalan. Usaha kitu usaha kieu weleh teu aya hasilna, turug-turug pada ngagencet, pada ngarampogan, taya anu daekeun nulungan.

³⁰ Babakalan, pipamajikaneun jadina dikawin ku batur. Nyieun imah, batur nu ngeusianana. Melak anggur, sorangan mah moal ngadahar.

³¹ Sapi dipeuncitan ku nu sejen, katenjo ku panon molotot, ngadahar dagingna mah hamo. Kalde ditungtun ku batur, maraneh batineuleukeun, pamohalan pulang deui. Domba ku batur diserenkeun ka musuh, taya nu bisa ngahalang-halang.

³² Anak nu lalaki nu awewe dijual ka batur hareupeun panon sorangan, jaradi budak beulian. Panon celong balas melong ka nu kosong, tibelat ka anak anu hamo mulang-mulang.

³³ Pepelakan, beunang luut-leet kesang,
beak diranjah ku bangsa lian, sarta minangka
panarimana maraneh digencet dikaniaya.

³⁴ Ku banget-bangetna nandang sangsara,
jadi laleungit ingetan.

³⁵ Maraneh ku PANGERAN digebug, ti semet
embun-embunan nepi ka dampal suku,
baranang pinuh ku cenang, pingping raca,
nyeri peurih karasana, taya piubareunana.

³⁶ Maraneh katut raja ku PANGERAN bakal
dibuang ka hiji nagara, anu maraneh tacan
nyaho-nyaho acan, karuhun pon kitu keneh
can nyarahoeun. Tur di ditu kudu nyarembah
ka allah tina kayu tina batu.

³⁷ Rahayat unggal nagara tempat maraneh
dibuang jeung dipabalencarkeun ku
PANGERAN, narenjo maraneh kitu teh
tingraranjug jeung ngera-ngera.

³⁸ Ana tebar kajeun sakumaha lobana nu
kaketik ngan saeutik, beakeun manten ku
simeut.

³⁹ Maraneh bakal ngebon anggur, tapi moal
ngala anggurna atawa nginum cianggurna,
sabab tangkal-tangkalna beak dihakanan ku
bilatung.

⁴⁰ Tangkal jetun, najan di satanah maraneh
jaradi di mana-mana tapi minyakna moal
kaarah, buahna kaburu maruragan pareot.

⁴¹ Sanajan baroga anak lalaki awewe,
ahir-ahir arareuweuh, ditarawa ka nu
anggang, jaradi tawanan perang.

⁴² Pepelakan, tatangkalan, ruksak digalaksak
ku hama.

⁴³ Anu ngalumbara di maraneh beuki lila
beuki kuat, sabalikna maraneh mah beuki lila
beuki hengker.

⁴⁴ Semah-semah jadi kuat ngarinjeumkeun
ka maraneh, maraneh mah bororaah
nginjeumkeun. Tungtungna semah-semah
teh ka maraneh laluasa kumawasa.

⁴⁵ Eta sagala kacilakaan teh baris keuna ka
maraneh jeung baris terus ngaganggu nepi
ka maraneh binasa, lantaran maraneh henteu
tigin ka PANGERAN Allah maraneh, jeung
henteu ngajalankeun hukum-hukum anu
dipaparinkeun ku Mantenna.

⁴⁶ Kitu bakalna hukuman ti Allah anu bakal
tumerap salalawasna ka maraneh, pon kitu
deui ka anak incu.

⁴⁷ Maraneh ku PANGERAN geus diberkahan
dina sagala rupa hal, tapi maraneh arembung
ngabdi reujeung suka hate ka Mantenna.

⁴⁸ Ku sabab kitu maraneh kudu ngawula ka
musuh, anu engke bakal didatangkeun ku
PANGERAN. Maraneh bakal kalaparan, bakal
nandangan halabhab, tararanjang teu boga
naon-naon. Ku PANGERAN bakal disiksa teu
kira-kira nepi ka tumpes.

⁴⁹ Ku PANGERAN bakal disina ditarajang ku
hiji bangsa ti tungtung jagat, anu basana
ku maraneh teu kaharti. Eta bangsa bakal
nyamber lir galudra,

⁵⁰ telenges taya rasrasan, ka nu kolot ka nu ngora moal aya karunyana.

⁵¹ Pepelakan maraneh kitu deui ingon-ingon, kabeh dikawasaan ku musuh keur dahareun maranehna, nepi ka maraneh paraeh langlayeuseun. Gandum, anggur, minyak jetun, sapi, domba, ku musuh moal aya anu dikarikeun. Maraneh tangtu paraeh.

⁵² Kota-kota di tanah anu ayeuna geus rek diserenkeun ku PANGERAN Allah maraneh, bakal gempur. Kuta-kutana anu luhur tur ditohagakeun sarta dipake andelan, kabeh runtuh.

⁵³ Maraneh moal maranggih dahareun, lantaran kota-kota ditingker musuh. Awahing ku taya pisan dahareun, tungtungna anak oge paparin ti PANGERAN Allah maraneh, dihakan.

⁵⁴ (28: 54-55) Golongan ningrat ge ku sabab sarua ditingker musuh, sarua kabalangsakna. Sakumaha lemes budina ge mo burung nepi ka ngahakan anak da teu manggih deui dahareun. Malah nepi ka embung kasoro; ka dulur, ka pamajikan kameumeut, ka anak nu can kahakan, kuat teu mere.

⁵⁵ (28: 54)

⁵⁶ (28: 56-57) Pon kitu keneh ningrat-ningrat wanitana, anu tuman tara nincak-nincak acan kana taneuh bawaning ku beunghar, sarua kabalangsakna lantaran dikepung musuh. Tungtungna da teu manggih deui dahareun,

teu kalis ku lemes budi, orokna anu kakara borojol katut jeung balina pisan didahar. Ka salaki, kajeun sakumaha geugeutna, kitu deui ka barudakna, boro-boro mere, ngadaharna ge susulumputan.

⁵⁷ (28: 56)

⁵⁸ Lamun maraneh ingkar tina sagala papakon anu aya dina ieu buku, teu ngupama kana pajenengan PANGERAN Allah maraneh anu luhung jeung pikahelokeun,

⁵⁹ maraneh saanak incu ku Mantenna bakal disiksa ku rupa-rupa kasakit anu moal mental ku ubar; ku rupa-rupa kasakit tepa anu teu bisa dicegah.

⁶⁰ Panyakit-panyakit pikasieuneun anu ku maraneh kasaksian di Mesir, baris narajang ka maraneh, sarta maraneh moal bisa cageur.

⁶¹ Ditambah deui ku rupa-rupa kasakit jeung rupa-rupa pagebug anu tacan kasebut dina ieu buku Hukum jeung pikukuh-pikukuh Allah. Maraneh tan wande tumpur.

⁶² Sanajan maraneh geus jadi mangpirang-pirang saperti bentang di langit oge mo burung beak. Nu harirup kari saeutik, lantaran geus ingkar ti PANGERAN Allah maraneh.

⁶³ Sakumaha bareto PANGERAN ka maraneh maparin kamuktian jeung ngalobakeun bilangan maraneh kalawan gumbira manah, nya kitu keneh halna, kalawan gumbira manah Mantenna bakal ngabasmi, ngaburak-

barik maraneh. Maraneh baris dirabut ti tanah anu ayeuna rek diancikan.

⁶⁴Ku PANGERAN bakal dipabalencarkeun ka bangsa-bangsa ti tungtung jagat ka tungtung jagat. Di ditu kudu kumawula ka allah-allah tina kayu tina batu, anu iraha teh teuing tadi-tadina ku maraneh disarembah, pon kitu ku karuhun.

⁶⁵Di mana-mana maraneh teh moal manggih kaluginaan, moal boga tempat akuan. Ku PANGERAN bakal disiksa, dirungrung ku rasa mangpaung, pondok pikir pegat harepan.

⁶⁶Hirup dikikintil ku balahi, beurang peuting gegebegan sieun jol sieun jol malakal-maot.

⁶⁷Hate teu kendat lumenyap ku sagala tetenjoan. Bray beurang hayang geura-geura peuting, reup peuting hayang geura-geura beurang.

⁶⁸Maraneh ku PANGERAN bakal diiangkeun, dipiceun deui ka Mesir, teu kalis ku geus ngandika yen hamo malikkeun deui maraneh ka ditu. Di ditu maraneh bakal nawar-nawarkeun maneh ngajual badan ka musuh, keun bae jadi abid ge, tapi saurang ge taya anu daekeun meuli."

29¹Kitu ungelna perjangjian anu ku PANGERAN ditimbalkeun ka Musa pikeun urang Israil, waktu maranehna aya di tanah Moab. Eta perjangjian teh panambah tina perjangjian PANGERAN ka maranehna anu dijieu di Gunung Sinai.

²Musa miwarang supaya sakumna urang Israil kumpul. Ti dinya sasauran ka maranehna, "Maraneh geus narenjo sorangan sagala kajadian ti PANGERAN anu dikeunakeun ka raja Mesir, ka para gegedenna, jeung ka sakuliah tanahna.

³Eta sagala balahi jeung kaahengan-kaahengan ti PANGERAN ku maraneh geus kasaksian.

⁴Tapi nepi ka ayeuna maraneh ku Mantenna tacan diparengkeun ngaharti kana sagala perkara anu geus kasorang.

⁵Opat puluh taun maraneh ku Mantenna dicandak ngambah gurun keusik, parandene pake teu datang ka butut, tarumpah pon kitu keneh.

⁶Maraneh teu boga roti keur dahareun, teu boga cianggur atawa inuman keras, tapi ku PANGERAN teu burung dipaparin sakur nu perlu, supaya maraneh nyaho yen Mantenna teh Allah maraneh.

⁷Kitu deui basa urang mimiti datang ka dieu, urang geus bisa ngelehkeun Raja Sihon ti Hesbon jeung Raja Og ti Basan anu ngahaja mapag merangan.

⁸Tanahna ku urang bisa direbut, tuluy dibikeun ka kaom Rubin, ka kaom Gad, jeung ka satengah kaom Menase.

⁹Anu matak supaya maraneh lulus saterusna, kudu ngestokeun sagala rupa anu kaungel dina perjangjian Mantenna.

¹⁰Ayeuna maraneh jaronghok di dieu di payuneun PANGERAN. Kabeh araya, para pamingpin, para gegeden, lalaki,

¹¹awewe, barudak, pon kitu jalma lianna bangsa batur, purah mangalakeun suluh jeung cai.

¹²Poe ieu maraneh bakal dibawa kana eta perjangjian katut sagala katangtuanana anu dipidamel ku PANGERAN Allah maraneh, sangkan dilampahkeun.

¹³Maraneh rek diteguhkeun ngajadi umat PANGERAN, sarta Mantenna jadi Allah maraneh, sakumaha anu dijangjikeuna-Na ka maraneh jeung karuhun maraneh Ibrahim, Ishak jeung Yakub.

¹⁴Eta perjangjian jeung pikukuh-pikukuh, dipidamelna ku PANGERAN lain ngan pikeun maraneh wungkul.

¹⁵Tegesna pikeun kabeh, pikeun urang anu ayeuna di dieu jeung pikeun turunan urang nu bakal gumelar."

¹⁶"Maraneh tangtu aringet keneh kana sagala hal anu kasorang di Mesir, jeung anu kalakon di jalan waktu nyorang wewengkon bangsa-bangsa sejen.

¹⁷Arca-arca sesembahanana anu pikagirukeun, tina kayu, tina batu, tina perak, tina emas, ku maraneh geus katenjo.

¹⁸Pacuan ti anu karumpul di dieu aya jelema, warga, kaom, lalaki atawa awewe, anu rek ingkar ti PANGERAN hayang nyembah

ka allah-allah maranehna, sabab matak jadi mamala, cara akar anu jadi tangkal anu pait jeung ngandung racun.

¹⁹ Pacuan maraneh anu ngadarenge ieu parentah angker aya anu rek ngayakin-yakin maneh, boga rasa najan mawa karep sorangan ge mo burung salamet. Tan wande matak cilaka sarerea, nu balageur, nu jarahat.

²⁰ Jelema nu kitu ku PANGERAN moal dihampura, malah bakal kahuru ku bebendu-Na, ditarajang ku balahi-balahi anu kaungel dina eta kitab, ahirna ditumpes pisan,

²¹ pikeun conto ti PANGERAN ka kaom-kaom Israil, diterapan sagala panyapa anu kaungel dina perjangjian anu aya dina buku pikukuh PANGERAN tea.

²² Tanah maraneh ku PANGERAN bakal diruksak, pinuh ku kasangsaraan, tur bakal katarenjo ku turunan maraneh nu bakal datang, kitu deui ku jalma-jalma ti nagara nu jarauh.

²³ Lahan-lahan raruksak pinuh ku walirang jeung uyah, taya pisan anu jadi, henteu jukut-jukut acan. Tanah maraneh bakal saperti kaayaan nagara Sadumu jeung Gomora, saperti nagara Adma jeung Seboim, anu dibasmi ku PANGERAN tea, awahing Mantenna bendu.

²⁴ Jalma sajagat bakal silih tanya, Ku naon tanah eta bangsa teh ku PANGERAN nepi ka

dikitu-kitu? Ku naon nu matak PANGERAN sakitu benduna?

²⁵ Jawabna, Eta umat PANGERAN teh ingkar tina perjangjian Allah karuhunna anu diikrarkeun waktu maranehna budal ti Mesir.

²⁶ Maranehna ngabarakti ka allah-allah sejen anu tadi-tadina tacan disembah lantaran dilarang ku PANGERAN.

²⁷ Kitu sababna PANGERAN bendu ka eta umat-Na, tanahna disina cilaka, keuna ku panyapa anu aya dina kitab pikukuh Mantenna.

²⁸ Mantenna jadi kacida benduna nepi ka maranehna dirabut ti tanahna sorangan, dibuang ka nagara batur nepi ka ayeuna.

²⁹ Aya keneh perkara-perkara anu ku PANGERAN Allah maraneh dirasiahkeun. Tapi ieu Hukum Mantenna anu enggeus dinyatakeun ka urang, ku urang jeung ku turunan urang kudu diestokeun salalawasna."

30¹ "Ayeuna maraneh meunang milih antara berkah jeung panyapa, sakumaha anu geus diterangkeun ku Bapa ka maraneh. Lamun hal-hal ieu ku maraneh geus kaalaman, sarta maraneh hirup di bangsa-bangsa asing tempat maraneh dipabalencarkeun ku PANGERAN Allah maraneh, tangtu maraneh bakal aringet kana ieu piliheun anu bieu ditawarkeun ku Bapa.

² Tapi lamun engke maraneh saanak incu harayang balik deui ka PANGERAN, enya-enya

ngesto kana sagala pangandika-Na anu ku
Bapa diwurukkeun ayeuna,

³ tangtu ku PANGERAN Allah maraneh
dipikawelas, dipulangkeun ti bangsa-bangsa
tempat maraneh dipabalencarkeun, sarta
disina mukti deui.

⁴ Sanajan dibuang nepi ka tungtung jagat
nu pangjauhna, tan wande dikumpulkeun,
dipulangkeun deui

⁵ ka tanah pangancikan karuhun maraneh,
tur bakal leuwih mukti sarta bilanganana
leuwih loba ti batan karuhun maraneh ti
heula.

⁶ Tabeat maraneh saanak incu ku PANGERAN
Allah maraneh dirobah jadi nurut, ka
Mantenna jadi enya-enya nyaahna, sarta
bakal tetepi tumetep ngancik di eta tanah.

⁷ Sagala panyapa tea ku Mantenna bakal
dibalikkeun ka musuh-musuh anu bareto
mikaijid jeung nyangsara ka maraneh.

⁸ Maraneh bakal ngesto deui ka Mantenna,
narurut deui kana sagala pangandika-Na anu
ku Bapa diwurukkeun poe ieu.

⁹ Sagala usaha maraneh bakal mulus, bakal
laloba anak, laloba ingon-ingon, lahan-lahan
hasilna bakal mucukil. Kalawan bingah
Mantenna bakal maparin kamuktian ka
maraneh cara ka karuhun maraneh baheula.

¹⁰ Saratna, maraneh kudu ngesto ka
Mantenna, nurut kana sagala pikukuh-Na anu

kaungel dina buku papakon Mantenna. Kudu madep deui ka Mantenna reujeung suhud.

¹¹ Sagala hal anu ku Bapa dipapatahkeun poe ieu, moal hese-hese teuing ngalampahkeunana, lain hal anu moal kataekan,

¹² da lain di langit ayana. Jadi maraneh teu kudu tingtaranya, Saha nu sanggup nurunkeunana sangkan ku urang kadenge, sangkan urang bisa nedunan?

¹³ Jeung lain di peuntaseun laut, jadi teu kudu patanya-tanya, Saha nu bisa meuntas laut mawa eta ka dieu, sangkan ku urang kadenge, supaya urang bisa nedunanana?

¹⁴ Ayana lain di mana-mana, di dieu keneh, di maraneh, katembong, bisa dipetik. Nu matak geura tarurut.

¹⁵ Poe ieu maraneh ku Bapa dibere piliheun antara nu hade jeung nu goreng, antara pijamugaeun jeung picilakaeun.

¹⁶ Lamun narurut kana sagala pangandika PANGERAN Allah maraneh anu ku Bapa diwurukkeun ayeuna, lamun nyaraah sarta ngesto ka Mantenna, tangtu bakal mukti tur jadi bangsa gede, bakal meunang berkah ti PANGERAN di tanah anu bakal dicicingan engke.

¹⁷ Sabalikna lamun henteu narurut, arembung ngadenge, kagembang ngabarakti ka allah-allah sejen,

¹⁸ Bapa ngingetan ti ayeuna, maraneh tangtu cilaka, moal panjang nya ngancik di tanah peuntaseun Walungan Yordan teh.

¹⁹ Ayeuna Bapa menta disaksian ku langit jeung bumi, mana anu rek dipilih ku maraneh ti PANGERAN, berkah-Na atawa panyapa-Na, rek milih hirup atawa rek milih paeh. Pilih anu pijamugaeun!

²⁰ Sing sumujud madep mantep ka PANGERAN Allah maraneh, sangkan bisa tetep renggenek saanak incu di tanah anu ku Mantenna geus diikrarkeun ka karuhun maraneh, Ibrahim, Ishak, jeung Yakub."

31 ¹ Musa neruskeun sasauranana ka urang Israil.

² Kieu, "Umur Bapa geus saratus dua puluh taun, moal bisa terus ngasuh ka maraneh. Jeung ongkoh dawuhan PANGERAN oge Bapa mah moal nepi ka milu meuntasan Walungan Yordan.

³ PANGERAN Allah maraneh engke bakal miheulaan ka ditu, ngabasmi bangsa-bangsa eta tanah, supaya tanahna bisa dicicingan ku maraneh. Pamingpin maraneh engke teh Yosua, sakumaha anu geus diandikakeun ku PANGERAN.

⁴ PANGERAN baris ngabinasakeun eta bangsa-bangsa, saperti Mantenna ngelehkeun Sihon jeung Og raja urang Emor tea sarta ngabasmi nagrina.

⁵ Maraneh ku PANGERAN baris diunggulkeun ngelehkeun maranehna, sarta ku maraneh kudu dijieun sakumaha anu ku Bapa geus diomongkeun.

⁶ Sing galede hate, sing warani! Ulah sieun ku maranehna, sabab PANGERAN Allah maraneh ku manten anu baris nulungan ka maraneh. Mantenna moal nguciwakeun maraneh, sarta moal nilarkeun."

⁷ Geus kitu Musa nyaur Yosua. Tuluy kieu lahiranana ka Yosua di hareupeun sakumna bangsa Israil, "Hidep masing gede hate, masing wani, Yosua! Nya hidep anu baris mingpin ieu bangsa pikeun nempatan nagri anu ku PANGERAN dijangjikeun ka karuhun maranehna.

⁸ PANGERAN ku manten anu baris nuyun jeung nulungan ka hidep. Mantenna moal nguciwakeun hidep, sarta moal ngantunkeun. Ku sabab kitu ulah sieun, ulah salempang."

⁹ Geus kitu saungel Hukum Allah teh ku Musa diseratkeun, tuluy dipasrahkeun ka imam-imam Lewi anu ngurus Peti Perjangjian PANGERAN, jeung ka para kokolot Israil.

¹⁰ Lahiranana, "Unggal-unggal tutup tujuh taun, dina taun mupus hutang, waktu Pesta Saung, ieu hukum-hukum kudu dibaca sing bedas.

¹¹ Bacakeun ka urang Israil anu daratang babakti ka PANGERAN Allah maraneh di tempat parantina.

¹²Jalma-jalma, lalaki, awewe, barudak, kitu deui nu sejenna anu marilu ngancik di maraneh kumpulkeun, sina ngabarandungan, sangkan dialajar sieun ku PANGERAN Allah maraneh, dialajar nurut kana sagala pikukuh Mantenna.

¹³Ku jalan kitu anak incuna oge anu tacan ngadarenge ungelna Hukum PANGERAN Allah maraneh, jadi marilu ngadenge, supaya enggoning ngarancik di tanah peuntaseun Walungan Yordan teh maranehna oge dialajar sieun ku Mantenna."

¹⁴Geus kitu PANGERAN ngandika ka Musa, "Umur maneh moal lila deui. Calukan Yosua, bawa marek ka Kemah Tepangan, Kami rek paparentah ka manehna." Bral Musa angkat jeung Yosua ka eta Kemah.

¹⁵Breh PANGERAN nembongan dina tihang mega anu nanjeur lebah panto Kemah Tepangan.

¹⁶Lajeng ngandika ka Musa, "Maneh geus tereh maot. Sanggeus maneh euweuh, bangsa Israil moal satia deui ka Kami, sarta alingkar tina perjangjian anu dijieuun ku Kami jeung maranehna. Maranehna bakal naringgalkeun Kami, nyarembah ka allah-allah anu disarembah di nagri anu moal lila deui baris diasupan ku maranehna.

¹⁷Geus tangtu Kami bendu. Ku Kami rek ditinggalkeun, rek dibasmi, ditarajang ku rupa-rupa kacilakaan. Sina kararasaeun

yen cilakana teh ku lantaran Kami, Allah maranehna, geus henteu nyarengan ka maranehna.

¹⁸ Moal ditulungan, lantaran kalakuanana doraka jeung ngabarakti ka allah-allah sejen.

¹⁹ Ieu aya lagu, catet, ajarkeun ka sakumna bangsa Israil. Ieu lagu pikeun jadi saksi perkara kalakuan maranehna.

²⁰ Sabab ana maranehna geus didatangkeun ka eta tanah anu gemah raha raja sakumaha ikrar Kami ka karuhunna, ana geus sareng cukup sagala dahareun, tangtu malurtad, ngabarakti ka allah-allah sejen, Kami mah tangtu dipiceun, perjangjian Kami ditaringga keun.

²¹ Ku Kami rek dicilakakeun. Ieu lagu bakal aya anu ngawihkeun, jadi pangweweleh kana kalakuan maranehna. Ti ayeuna keneh ge, samemeh didatangkeun ka eta tempat ajangna, kaayaan hatena kitu ku Kami geus kauninga."

²² Seug eta lagu teh ku Musa diseratkeun poe eta keneh, tuluy diajarkeun ka urang Israil.

²³ Geus kitu PANGERAN ngandika ka Yosua putra Nun. Pangandika-Na, "Maneh masing gede hate, masing wani. Maneh kudu ngapalaan urang Israil ka tanah anu ku Kami geus diikrarkeun jang maranehna. Maneh tangtu ku Kami disarengan."

²⁴ Hukum Allah tea ku Musa diseratkeun dina hiji kitab, teu aya anu kaliwat.

²⁵ Sanggeus beres nyeratkeunana, Musa ngalahir ka para imam anak putu Lewi anu ngajaraga Peti Perjangjian PANGERAN, lahiranana,

²⁶ "Tarima ieu kitab Hukum Allah, simpen deukeut Peti Perjangjian PANGERAN Allah maraneh, sina jadi saksi perkara kalakuan umat Mantenna.

²⁷ Ku Bapa geus kanyahoan, eta jelema-jelema teh kacida bantahanana, tukang ngalawan. Cacak diasuh keneh ku Bapa ge gawena ngan ngalawan bae ka PANGERAN, komo engke lamun Bapa geus teu aya, tangtu leuwih mantangul.

²⁸ Ayeuna kumpulkeun para kokolot jeung kokojo-kokojo kaom-kaom maraneh, ieu hal ku Bapa rek dicaritakeun ka maranehna, kalawan menta saksi langit jeung bumi.

²⁹ Sabab geus kawangwang ti ayeuna yen lamun Bapa geus teu aya, tangtu kalakuanana teh doraka, sagala perkara anu ku Bapa geus dipapatahkeun teh moal diparake, bakal ngararempak larangan PANGERAN, nyieun pibendueun Mantenna, tangtu cilaka."

³⁰ Geus kitu Musa ngucapkeun ungelna eta lagu pupujian, dibarandungan ku sakumna urang Israil.

32 ¹"Langit, bumi, bandungan omongan kami, regepkeun masing taliti.

²Piwuruk kami lir keclak-keclak cihujan, lir ciibun anu tumurun ka bumi. Omongan kami ibarat hujan anu nyiram pepetetan, ngabiribis nyiram jujukutan.

³Kami seja muji pajenengan PANGERAN, sarta umat-Na nyaturkeun kapunjulan Mantenna.

⁴PANGERAN teh panulung maraneh anu digjaya, adil sampurna dina saniskara. Allah maraneh satuhu sarta saestu, lempeng bener sagala damel-Na.

⁵Sabalikna maraneh mah serong hate, bangsa doraka jeung loba cacad, teu layak jadi umat-Na.

⁶Eh nu garejul, anu teu baroga pikir! Karah kitu pamales maraneh ka PANGERAN teh? Mantenna teh Rama maraneh, anu nyiptakeun maraneh, anu ngadamel maraneh jadi hiji bangsa.

⁷Inget-inget nu katukang, jaman baheula, tanyakeun ka bapa maraneh kumaha. Tanya kolot-kolot, perkara lalakon baheula.

⁸Nu Maha Agung geus nangtukeun pitempateun bangsa-bangsa, jeung nangtukeun di mana jalma-jalma kuduna ngancik. Sarta tiap bangsa masing-masing dipaparin hiji allah.

⁹Ari turunan Yakub mah diunculkeun, dijadikeun umat kagungana-Na ku manten.

¹⁰Maranehna, kapendak ku Mantenna keur ngumbara di tanah gurun tempat nu

sepi. Ku Mantenna seug diraksa, estuning didama-dama, mani kawas ka salira ku manten.

¹¹ Lir heulang anu ngajar anakna hiber anakna aman ditempatkeun dina jangjangna nu meber, nya kitu PANGERAN teh ngaraksana ka Israil.

¹² PANGERAN ku manten anu nuyun maranehna, teu dibantu ku allah-allah sejenna.

¹³ Maranehna disina ngageugeuh tanah-tanah pagunungan, dicukup daharna, bangsa hasil ti tegalan, jeung madu leuweung tina sela-sela cadas, kitu deui tangkal jetun, anu jadi dina sela-sela batu.

¹⁴ Sapina, embena, jaruuh cisusuna. Ingon-ingonna, domba, embe, sapi, kaasup nu pangalusna, gandumna pangbaleuneurna, anggurna nu pangeunahna.

¹⁵ Umat PANGERAN ngajadi mukti, tapi bet jadi bantahan. Sanggeus lalintuh sarareubeuh barang hakan, seug ingkar ti Allahna, anu ngajadikeunana, naringgalkeun Juru Salametna anu digjaya.

¹⁶ Nyarembah ka brahala, matak panas PANGERAN. Kadorakaanana nangtang bebendu Mantenna.

¹⁷ Ngalurban ka allah-allah nu lain Allah, allah-allah anyar anu ku karuhunna can dipikawawuh, allah-allah anu ku Israil tacan disembah.

¹⁸Allahna, Juru Salametna anu digjaya, anu ngahirupan maranehna, dipopohokeun.

¹⁹Ningali sarupa kitu, PANGERAN jadi bendu. Seug eta pala putra-Na teh, lalaki, awewe, dipiceun.

²⁰Dawuhana-Na, Ku Kami moal ditulungan deui, hayang nyaho eta umat bantahan jeung teu satia teh kumaha panungtunganana.

²¹Ka Kami mapanas ku arca-arca, ku brahala anu carekna mah Allah, ku aallahana anu lain Allah. Matak ku Kami ge rek dipapanas ku hiji bangsa, sina ngentab hatena ka eta bangsa nu gejul.

²²Amarah Kami tangtu ngagedur lir seuneu, saeusi bumi bakal kahuru. Malah bakal parat ka handapeun jagat, ngagehengkeun akar-akar pagunungan.

²³Maranehna rek dicehcer ku balahi, dihujanan ku jamparing.

²⁴Sina paraeh ku kalanti jeung muriang, sina tumpes ku sasalad nu baranget. Sina digalaksak ku sato galak, sina diparacok ku oray-oray anu maratih.

²⁵Sina paraeh ku perang, tingjaloprak di lulurung. Nu di arimah sina ngarompod loba kasieun. Bujang, lanjang, tinemu jeung pati, dalah orok, aki-aki, nini-nini, moal aya anu kari.

²⁶Ku Kami bakal ditumpes sama sakali, sina ulah kasebut-sebut deui.

²⁷ Tapi musuhna ku Kami moal dibikeun agul, sina ulah majar maneh geus ngelehkeun umat Kami, da Kami sorangan anu ngitukeun umat Kami teh.

²⁸ Israil teh bangsa anu teu boga pikiran, teu boga pisan panalar.

²⁹ Teu kapikireun ku naon nepi ka eleh ku musuh. Teu kapikireun ku naon nu matak nepi ka kitu.

³⁰ Ku naon sarebu eleh ku saurang, salaksa eleh ku duaan? Lantaran geus ditinggalkeun ku PANGERAN Allahna. Maranehna geus diculkeun ku Allahna nu digjaya.

³¹ Musuhna nyahoeun yen allahna sorangan mah lemah, teu digjaya saperti Allah Israil.

³² Musuhna teh doraka cara Sadumu jeung Gomora, ibarat buah anggur anu pait ngandung racun,

³³ ibarat cianggur nu dijieun tina peurah oray.

³⁴ Kalakuan musuhna ku PANGERAN diemutkeun, baris dibales dina waktuna.

³⁵ Ku PANGERAN tangtu dituar disiksa, tangtu eta teh rugrug lamun geus datang mangsana, tur geus deukeut kana waktuna.

³⁶ PANGERAN bakal ngajait umat-Na, sanggeus kauninga taya dayana. Nu aranut ka Mantenna bakal dipikawelas, sanggeus katingali yen sakitu sangsarana.

³⁷ Seug umat-Na bakal dipariksa, Mana allah-allah maraneh nu digjaya teh?

³⁸Lain sok disuguhan gajih sato kurban?
Lain sok dibaktian cianggur? Coba atuh
ayeuna sina nulungan, sina ngorejat ngajait
maraneh.

³⁹Saenyanan ngan Kami nu jumeneng Allah,
taya deui anu sejen. Kami anu kawasa
maehkeun, kawasa ngahirupkeun, kawasa
ngageringkeun, kawasa nyageurkeun. Moal
aya nu bisa nandingan Kami.

⁴⁰Kami sumpah nadahkeun panangan: Demi
Kami teh Allah anu jumeneng,

⁴¹Kami arek ngasah pedang sina ngagurilap,
rek nerapkeun hukum adil. Rek ngabales
musuh-musuh, rek nyiksa ka nu arijid ka
Kami.

⁴²Jamparing Kami bakal lamokot ku getih
musuh, pedang Kami bakal ngababad sakabeh
lawan. Nu ngaralawan rek dibeakkeun, moal
ngarikeun nu geus kasabet jeung geus
kajarah.

⁴³Eh bangsa-bangsa, geura pupunjung umat
PANGERAN. Sabab sakur nu bareto ngabasmⁱ
maranehna, ku Mantenna baris disiksa. Saha
anu ngamusuhan baris dibales. Sabalikna
umat-Na tangtu dihampura dosa-dosana."

⁴⁴Musa jeung Yosua ngucapkeun eta lagu,
kadenge ku sakumna bangsa Israil.

⁴⁵Sabada Musa ngawurukkeun papakon-
papakon PANGERAN ka urang Israil,

⁴⁶anjeunna sasauran kieu, "Peupeujeuh,
ieu papakon-papakon anu diwurukkeun ku

Bapa teh gumatikeun. Ajarkeun ku maraneh ka anak, supaya maranehna ge nurut jeung satia kana sagala pangandika-Na.

47 Sabab ieu pangajaran teh lain omong kosong, estuna mah hiji-hijina jalan pihirupeun maraneh. Nu matak kudu diturut, sangkan maraneh bisa tetep renggenek matuh di ditu di tanah anu rek dicicingan, di peuntaseun Walungan Yordan."

48 Dina poe eta keneh PANGERAN nimbalan ka Musa,

49 "Maneh kudu ka Pagunungan Abarim di tanah Moab peuntaseun Yeriho. Tuluy unggah ka Gunung Nebo, pek ti dinya ku maneh teuteup tanah Kanaan anu rek dipaparinkeun ka urang Israil teh.

50 Di puncak gunung eta maneh ku Kami rek dipundut nyawa, cara Harun dulur maneh anu ku Kami dipundut nyawana di Gunung Hor,

51 lantaran maraneh duaan geus nembungkeun kateusatiaan ka Kami di hareupeun urang Israil. Basa keur di cinyusu Meriba deukeut kota Kades di tanah gurun Sin, maneh nyapirokeun Kami di hareupeun jalma rea.

52 Tanah anu ku Kami rek dibikeun ka urang Israil teh bakal katembong ku maneh ti kajauhan, tapi maneh moal kungsi asup ka ditu."

33¹ Samemeh pupus, Musa abdi Allah teh ngaberkaan heula ka urang Israil.

²PANGERAN sumping ti Gunung Sinai, lir panonpoe meletek iuhureun Edom, ngebrehan ka umat-Na di Gunung Paran. Dibanding ku malaikat salaksa, dina panangan tengen-Na aya seuneu ngagebur.

³PANGERAN estu asiheun ka umat-Na, ngaraksa ka sakur nu jadi kagungana-Na. Bruk urang sujud kana sampeana-Na, tumut kana sakabeh pangandika-Na.

⁴Hukum anu ku Musa diselehkeun ka urang, urang turut, urang jieun puputon bangsa.

⁵PANGERAN jumeneng Raja umat-Na, Israil, basa kaom-kaomna jeung para kapalana kumpul.

⁶Ka kaom Rubin, berkah Musa kieu ungelna: "Mugia Rubin tong datang ka pareum, sanajan jumlahna teu sabaraha."

⁷Ka kaom Yuda kieu berkahna: "Nun PANGERAN, mugi panyambat Yuda dimakbul. Mugi Yuda dihijkeun deui sareng kaom-kaom Israil. Mugi dipangmerangkeun, dibantu ngelehkeun musuh-musuhna."

⁸Ka kaom Lewi kieu berkahna: "Nun PANGERAN, Gusti ngebrehkeun pangersa ku jalan Urim sareng Tumim, nganggo antara urang Lewi, abdi-abdi nu satia. Nalika di Masa ku Gusti parantos diuji. Di cinyusu Meriba bukti kaestuanana."

⁹Ka Gusti kalintang satiana. Langkung ti batan ka kolot-kolotna, ka dulur-dulurna sareng ka anak-anakna. Estu madep kana

pangandika Gusti, kukuh nyekel kana perjangjian Gusti.

¹⁰ Maranehna anu bakal ngajar umat Gusti, sina gumati kana Hukum Gusti. Maranehna anu bakal nyanggakeun kurban dina altar Gusti.

¹¹ Nun PANGERAN, mugi kaom maranehna ditohagakeun. Sagala pagaweanana mugi kamanah. Mugi musuh-musuhna dibasmi, ulah sina menyat deui."

¹² Berkahna ka kaom Binyamin: "Ieu kaom kameumeut PANGERAN. Sapopoena diraksa, diauban. Henteu weleh disareangan."

¹³ Berkahna ka kaom Yusup: "Mugia tanahna ku PANGERAN dipaparin hujan. Dipaparin cai ti handapeun bumi.

¹⁴ Saban usum lahanna sing pinuh ku bubuhan. Bubuhan nu aralus, nu arasak dina tangkalna.

¹⁵ Pasir-pasir purbakalana sing meuhpeuy ku bubuhan, bubuhan anu pangaralusna.

¹⁶ Tanahna sing pinuh ku nu mangpaat. Sing kaseundeuhan ku berkah PANGERAN, anu ngandika ti leuweung cucuk nu hurung tea. Ieu berkah masing tumurun ka kaom Yusup, nu jadi pamingpin ti sakabeh dulur-dulurna.

¹⁷ Yusup boga kakuatan banteng jeung tanduk sapi leuweung, nya eta: Menase anu mangrebu-rebu, jeung Epraim anu manglaksa-laksa. Anu babarengan ngagadil

ka bangsa-bangsa, neunggar musuh sina
mecleng ka tungtung jagat."

¹⁸Berkahna ka kaom Sebulun jeung
kaom Isaskar: "Sebulun masing untung
buniagana di laut. Isaskar masing mukti di
pakemahanana.

¹⁹Maranehna bakal ngajak bangsa lian
ngadongdon ka gunungna. Prak di dinya
nyanggakeun kurban nu bener layak.
Maranehna bakal ngareduk untung ti laut,
jeung ngarali harta tina keusik sapanjang
basisir."

²⁰Berkahna ka kaom Gad: "Puji sukur ka
Allah anu ngalegakeun wewengkon Gad. Gad
taki-taki kawas singa, rek ngabeset leungeun
atawa kulit sirah.

²¹Gad nyokot tanah anu pangalusna, pantes
dipimilik ku anu jadi pamingpin. Maranehna
narurut kana pikuh jeung hukum Allah.
Direujeungan ku para pamingpin Israil."

²²Berkahna ka kaom Dan: "Dan saibarat
singa ngora, ngagajleng luncat ti Basan."

²³Berkahna ka kaom Naptali: "Naptali
pohara meunangna berkah reujeung kurnia
PANGERAN. Tanahna ngembat ka kidul ti
semet Talaga Galilea."

²⁴Berkahna ka kaom Aser: "Ti antara
sakabeh kaom, Aser pangdiberkahana. Sing
dipikaresep ku dulur-dulurna. Tanahna
sing loba tangkal jetunna.

²⁵Kota-kotana sing weweg ku sarigsig tambaga jeung beusi. Mugia hirupna aman santosa."

²⁶Eh Israil, taya allah nu cara Allah maraneh, anu kalawan agungna nitih langit tunggang mega, baris mitulung ka maraneh.

²⁷Pitulung Allah ka maraneh sipatna kadim, panangana-Na anu ngadeudeul, sipatna langgeng. Ana maraneh maju, Mantenna anu ngajongklokkeun musuh, seug nimbalan sangkan ku maraneh digempur.

²⁸Turunan Yakub hirupna senang santosa, cicing di tempat gandum jeung anggur, bumina dibaseuhan ku ciibun ti langit.

²⁹Bagja maraneh, Israil! Taya nu mapakan. Estu bangsa anu rahayu ku PANGERAN. PANGERAN ku manten, minangka kepeng jeung pedang maraneh, nu ngabela jeung maparin kaunggulan. Musuh tangtu tingpoyongkod menta dikarunyaan, ku maraneh tuluy dileyek.

34¹Ti dinya Musa angkat, ti padataran Moab nanjak ka Gunung Nebo, unggah ka puncak Gunung Pisga wetaneun Yeriho. Ti belah dinya, sakuliah tanah tea ku PANGERAN ditembongkeun ka anjeunna, nya eta wewengkon tanah Gilad anu terus ka kaler nepi ka kota Dan;

²sakuliah wewengkon Naptali; wewengkon Epraim jeung wewengkon Menase;

wewengkon Yuda anu terus ka kulon nepi ka basisir Laut Tengah;

³bagian pakidulan Yuda; kitu deui tanah lempar ti semet Soar nepi ka Yeriho, dayeuh anu pinuh ku tangkal korma.

⁴Ngandika PANGERAN ka Musa, "Tah eta tanah anu dijangjikeun ku Kami teh, anu diikrarkeun ka Ibrahim, Ishak, jeung Yakub, ajang turunan-turunanana. Eta ku Kami ditembongkeun ka maneh, tapi Kami moal ngidinan maneh ka ditu."

⁵Sanggeus kitu Musa abdi PANGERAN puput nyawa di tanah Moab, sakumaha anu geus ditimbalkeun ku PANGERAN.

⁶Ku PANGERAN dikurebkeun di hiji lebak di tanah Moab, palebah dayeuh Bet Peor. Tapi nepi ka kiwari ge pajaratana mah taya anu terangeun.

⁷Musa pupus dina yuswa saratus dua puluh taun, salirana cangker keneh, socana awas keneh.

⁸Meunang tilu puluh poe anjeunna dicaleungceurikan ku sakumna bangsa Israil di tanah datar Moab.

⁹Ari Yosua putra Nun, gaganti Musa, binangkit sarta binekas, sabab ku Musa geus diberkahan. Urang Israil narurut ka Yosua. Sagala papakon PANGERAN anu diwurukkeun ku Musa tea diarestokeun.

¹⁰Di Israil tacan aya nabi anu saperti Musa, anu dicandak sasauran papayun-payun ku PANGERAN.

¹¹Taya deui nabi anu ku PANGERAN dipaparin kawasa ngayakeun mujijat-mujijat jeung kaahengan-kaahengan, saperti anu diterapkeun ku Musa ka raja Mesir katut para gegedenna jeung ka sakuliah nagarana.

¹²Taya deui nabi anu bisa ngayakeun kajadian-kajadian anu sakitu hebatna, saperti anu dijalankeun ku Musa kalawan kasaksian ku urang Israil.

Yosua

1 ¹Sanggeus Musa, abdi Allah tea pupus,
PANGERAN nimbalan ka pangbantuna
Musa, nya eta Yosua putra Nun.

²Timbalana-Na, "Musa abdi Kami geus tilar dunya. Ayeuna maneh katut bangsa Israil geura tarapti meuntasan Walungan Yordan, geusan asup ka tanah anu ku Kami rek dibikeun ka maranehna tea.

³Kami geus nyarita ka Musa, yen tanah anu rek disorang teh sagemblengna geus dipasrahkeun ka maneh jeung ka saumat Kami.

⁴Legana eta tanah, ti kidul mimiti ti gurun keusik terus ka kaler nepi ka Pagunungan Libanon, ti wetan ti semet walungan gede Walungan Eprat parat ka tanah Het terus ka kulon nepi ka Laut Tengah.

⁵Yosua, saumur-umur ge ka maneh hamo aya nu kuat. Kami rek ngaping ka maneh sakumaha ka Musa. Sapapanjangna moal ninggalkeun.

⁶Sing teteg, sing yakin, karana saupama ieu umat Kami geus maratuh di eta tanah nu ku Kami geus dijangjikeun ka karuhun-karuhunna, nya maneh anu baris jadi pamingpinna.

⁷ Ku sabab eta sing teteg, sing yakin; jeung masing satia ka sakabeh Hukum anu dibikeun ka maneh ku Musa, abdi Kami tea. Sarupa ge ulah aya nu dilalaworakeun, tan wande maneh baris hasil ngajugjug ka mana bae oge.

⁸ KAREPKEUN yen maneh rek maca eta kitab Hukum salawasna dina ngajalankeun ibadah. Ulik beurang peuting, tiginkeun sakumaha anu ditulis di dinya. Upama kitu hirup maneh tan wande senang sarta hasil.

⁹ Sing inget timbalan Kami ka maneh, masing teteg sarta yakin! Ulah sieun atawa leutik hate, sabab Kami, PANGERAN Allah maneh ka mana-mana oge tan wande nyarengan."

¹⁰ Ti dinya Yosua miwarangan para pamingpin sina ka pakemahan, sangkan marentahkeun jalma-jalma,

¹¹ "Geura saradia dahareun keur bekel, sabab tilu poe deui maraneh kudu meuntasan Walungan Yordan, baris maratuh di tanah anu rek dipaparinkeun ku PANGERAN Allah maraneh."

¹² Yosua sasauran ka kaom Rubin, kaom Gad jeung ka satengahna kaom Menase,

¹³ "Inget, Musa abdi PANGERAN geus nyaurkeun ka maraneh yen ieu tanah wetaneun Walungan Yordan baris dipaparinkeun ku PANGERAN Allah maraneh, pikeun tempat tinggal maraneh.

¹⁴ Bojo-bojo maraneh, anak-anak maraneh, jeung ingon-ingon tetep di darieu, ari balad-balad kudu samakta pakarang, sina mareuntas ti heula sangkan bisa ngabantu papada urang Israil deui,

¹⁵ nepi ka bisa ngajabel tanah kuloneun Walungan Yordan anu geus dipaparinkeun ku PANGERAN Allah maraneh ka maranehna. Saupama Mantenna geus maparin kaamanan ka sakumna kaom Israil, kakara maraneh meunang baralik deui ka dieu baris maratuh di tanah sorangan di wetaneun Walungan Yordan, anu geus dipaparinkeun ka maraneh ku Musa, abdi PANGERAN."

¹⁶ Jawab maranehna ka Yosua, "Sadaya pisaur anjeun tan wande dijalankeun. Dipiwarang ka mana bae ge sayagi.

¹⁷ Sadaya sumeja tunduk ka anjeun sapapanjangna, sakumaha ka Musa. Mugia PANGERAN Allah nyarengan ka anjeun sakumaha ka Musa!

¹⁸ Sing saha anu ngalawan kana kakawasaan anjeun atanapi wangkelang kana parentah, baris dipaehan. Sing percanten, teu kedah salempang!"

2¹ Geus kitu Yosua ngutus mata-mata duaan ti pakemahan di Sitim, sina ngintip nalungtik kaayaan tanah Kanaan, pangpangna kota Yeriho. Sadatangna ka dinya, mata-mata teh mareuting di imah hiji awewe palacuran ngaran Rahab.

²Raja Yeriho geus meunang beja yen peuting eta aya mata-mata urang Israil asup arek nalungtik kaayaan nagarana,

³seug ngirim parentah ka Rahab, "Jelema anu duaan anu mareuting di maneh, eta teh mata-mata anu rek nalungtik kaayaan nagara. Bijilkeun!"

⁴(2: 4-6) Ari jawabna, "Leres aya sababaraha urang anu dongkap ka rorompok, nanging teu terang ti mana. Tadi oge sareupna memeh tutup lawang kota parantos marios deui. Duka bade teras ka marana, teu terang. Nanging upami enggal-enggal diudag mah tangtos kasusul." (Padahal eta dua mata-mata teh ku Rahab disumputkeun di para imahna dirimbunan ku haramay anu memang diteundeun di dinya.)

⁵(2: 4)

⁶(2: 4)

⁷Ponggawa-ponggawa raja tuluy kalaluar ti jero kota, geus kitu lawang kotana ditutup. Mata-mata Israil tea terus disaksrak jauh pisan nepi ka tempat pameuntasan Walungan Yordan.

⁸Memeh mata-mata tea marondok, ku Rahab ditepungan heula ka luhur.

⁹Ceuk Rahab ka maranehna, "Kuring geus boga rasa ieu tanah geus diserenkeun ka aranjeun ku PANGERAN. Urang dieu kabeh ge gimir ka aranjeun.

¹⁰Kabeh geus ngadarenge beja hal PANGERAN nyaatkeun Laut Beureum basa aranjeun budal ti Mesir. Ngadarenge oge bejana basa aranjeun niwaskeun Raja Sihon jeung Raja Og, dua raja bangsa Emor di wetaneun Walungan Yordan.

¹¹Barang ngeng beja ge kacida galimireunana. Ngadarenge hal aranjeun teh terus bae leungit wawanen. PANGERAN Allah aranjeun teh nya Allahna sawarga jeung Allahna bumi.

¹²(2: 12-13) Kuring miharep aranjeun kersa sumpah demi asma-Na, yen aranjeun baris nyieun kahadean ka kulawarga kuring, kawas anu dilampahkeun ku kuring ka aranjeun. Mugi jangji yen indung bapa kuring, dulur-dulur katut sakumna kulawarga kuring ku aranjeun moal dipaahan, tapi diauban. Kanggo eta mugia dipaparin tanda anu tiasa dipercanten."

¹³(2: 12)

¹⁴Walon nu duaan, "Saupama kuring jalir omong, masing dilanat ku Allah! Asal ieu pagawean kuring ku Nyai teu diucah-aceh ka sasaha, kuring jangji, upama ieu tanah ku PANGERAN geus diselehkeun ka bangsa kuring, Nyai baris ditarima hade-hade."

¹⁵Imah Rahab tea nempel kana tembok kota, anu matak jelema anu duaan teh ku Rahab dikaluarkeunana diulur ku tambang tina jandela.

¹⁶Ceuk Rahab, "Nyarumput heula di gunung tilu poe mah, bisi katohyan ku ponggawa-ponggawa raja. Upama itu geus baralik kakara aranjeun terus."

¹⁷Walon nu duaan, "Jangji kuring anu dipenta ku Nyai tea moal cidra.

¹⁸Nyai kudu kieu. Saupama bangsa kuring geus nempuh ka dieu, ieu tali beureum ku Nyai kudu dibeungkeutkeun dina jandela urut Nyai ngulur kuring. Bapa, indung, dulur-dulur jeung kulawarga bapa Nyai sina karumpul di imah Nyai.

¹⁹Sing saha anu kaluar ti dinya tur nepi ka tiwas, eta mah salahna sorangan, lain urusan kuring. Sabalikna anu araya di imah Nyai, upama aya nu meunang cilaka, eta urusan kuring.

²⁰Kitu deui lamun pagawean kuring tea ku Nyai diucah-aceh, jangji kuring anu dipenta ku Nyai tea cupar."

²¹Rahab akur, sarta nu duaan teh dijurung laku. Sanggeus maranehna arindit, pita beureum tea ku Rahab dibeungkeutkeun kana jandela.

²²Mata-mata tea arindit ka gunung rek nyarumput. Tilu poe diteanganana ku ponggawa-ponggawa raja, diubek ka sakuliahna, tapi weleh teu kapanggih. Ponggawa-ponggawa tea marulang ka Yeriho.

²³Ti dinya mata-mata teh tarurun ti gunung tuluy meuntasan Walungan Yordan,

marulang ka Yosua. Sagala pangalamanana dicaritakeun ka anjeunna

²⁴sarta aromongna, "Eta nagara teh segemblengna parantos diserenkeun ka urang ku PANGERAN. Pohara sarieuneunana urang ditu ku urang teh."

3¹Isukna rebun-rebun keneh Yosua katut bangsa Israil geus arindit ti Sitim muru ka Walungan Yordan, tuluy mareuting heula di dinya memeh mareuntas.

²Sanggeus meunang tilu poe, para pamingpin ngideran pakemahan,

³bari marentah kieu ka jalma-jalma, "Lamun geus aya imam-imam anu ngagotong Peti Perjangjian PANGERAN Allah maraneh, buru-buru taluturkeun, tinggalkeun ieu pakemahan.

⁴Maraneh can kungsi ka dieu, jadi nya aranjeunna nu jadi tuduh jalanna. Tapi ulah darareukeut kana Peti Perjangjian, kudu anggang kira-kira sakilometer."

⁵Yosua marentah kieu ka jalma-jalma, "Maraneh kudu susuci, sabab isukan PANGERAN bakal mintonkeun muijat-muijat."

⁶Ari para imam diparentah arangkat ti heula bari ngagotong Peti Perjangjian. Seug dilalampahkeun.

⁷Ngandika PANGERAN ka Yosua, "Nu rek dipigawe ku Kami poe ieu, baris ngalantarankeun maneh dihormat-hormat

sarta diagungkeun ku urang Israil, sarta ku maranehna baris katangen yen maneh disarengan ku Kami cara Musa.

⁸ Parentahkeun ka imam-imam anu ngagotong Peti Perjangjian, yen lamun geus narepi ka sisi Walungan Yordan kudu ancrub tuluy ngarandeg heula deukeut sisina."

⁹ Geus kitu saur Yosua ka jalma-jalma, "Ka darieu kumpul. Darengekeun pangandika PANGERAN Allah maraneh.

¹⁰ Engke maraneh bakal nyaraho yen Mantenna tan wande nyinkahkeun urang Kanaan, urang Het, urang Hiwi, urang Pares, urang Girgas, urang Emor jeung urang Yebus. Maraneh baris nyararaho yen disarengan ku Allah anu jumeneng,

¹¹ samangsa Peti Perjangjian PANGERAN Gustining sajagat dibawa meuntasan Walungan Yordan heulaeun maraneh.

¹² Ayeuna pilih dua belas jelema ti saban kaom Israil saurang-saurang.

¹³ Di mana para imam anu ngagotong Peti Perjangjian PANGERAN Gustining sajagat geus ngancrubkeun sukuna kana cai, Walungan Yordan moal bisa ngocor, ti beulah girang caina mendet jadi beungkak ngabaden teu bisa laju."

¹⁴ (3: 14-15) Harita teh keur usum dibuat, sarta eta walungan keur caah. Seug jalma-jalma teh arindit ti pakemahan rek mareuntas ka Walungan Yordan, para imam

sina ti heula ngagotong Peti Perjangjian.
Barang crub para imam alancrub,

¹⁵ (3: 14)

¹⁶ eta walungan mendet, teu bisa ngocor, ngabaden terus beungkak ka girang jauh pisan nepi ka kota Adam, hiji kota gigireun kota Sartan. Nu di hilir jadi kapenggel sama sakali, terus ngocorna ka Laut Paeh; ku hal eta jalma-jalma teh bararisa meuntas ka deukeut kota Yeriho.

¹⁷ Sabot jelema-jelema mareuntas di nu saat, imam-imam anu ngagotong Peti Perjangjian tea ngararandeg di nu saat di tengah-tengah Walungan Yordan, nepi ka jalma-jalma mareuntas kabeh.

4 ¹ Sanggeus kabeh mareuntasan Walungan Yordan, PANGERAN ngandika ka Yosua,

² "Cokot dua belas jelema ti saban kaom saurang-saurang,

³ titah ngala batu dua belas siki ti tengah-tengah walungan, ti palebah urut narangtungna imam-imam. Sina dibarawa sarta engke peuting teundeun di pakemahan."

⁴ Seug Yosua nyandak dua belas urang,

⁵ sarta saurna, "Maraneh tarurun ka walungan heulaeun Peti Perjangjian PANGERAN Allah maraneh, ngala batu hiji sewang terus panggul keur kaom-kaom Israil sakaomna-sakaomna.

⁶ Eta teh keur panginget-ningget urang Israil ka nu geus dipidamel ku PANGERAN. Baring

supagi anak maranéh nanyakeun boga harti naon eta tumpukan batu teh keur maranéh,

⁷ terangkeun yen Walungan Yordan kungsi mandeg ngocorna waktu dipeuntasan ku Peti Perjangjian PANGERAN. Eta teh sangkan urang Israil aringet salalawasna ka nu geus kajadian di dieu."

⁸ Eta parentah tuluy dijaralankeun. Akur jeung timbalan PANGERAN ka Yosua, maranehna ngarala batu ti tengah-tengah Walungan Yordan hiji sewang keur urang Israil sakaomna-sakaomna, ditarawa terus digoler-golerkeun di tempat pakemahanana.

⁹ Yosua oge numpukkeun batu dua belas siki di tengah-tengah Walungan Yordan, dina urut narangtungna imam-imam anu ngagotong Peti Perjangjian. (Ieu tumpukan batu kiwari aya keneh.)

¹⁰ Ari imam-imam ngararandegna di tengah-tengah eta walungan teh tepi ka beresna sagala hal anu kudu dilalampahkeun ku jalma-jalma, sakumaha anu geus didawuhkeun ku PANGERAN ka Yosua. Hal ieu cocog jeung anu bareto diparentahkeun ku Musa tea. Jelema-jelema teh mareuntasna gagancangan.

¹¹ Sanggeus araya di peuntas ditu, imam-imam anu ngagotong Peti Perjangjian terus maraju heulaeun maranehna.

¹² Ari kaom Rubin, kaom Gad jeung kaom Menase satengahna anu geus siap tempur,

mareuntasna geus ti heula, cocog sakumaha
anu bareto diparentahkeun ku Musa ka
maranehna.

¹³Aya kira-kira opat puluh rebu jalma di
payuneun PANGERAN anu siap tempur geus
hararanjat, terus muru hiji tegalan deukeut
kota Yeriho.

¹⁴Ku padamelan PANGERAN dina poe eta,
urang Israil ngarasa yen Yosua teh agung.
Sapanjang jumenengna anjeunna dipikaajrih
ku maranehna cara mikaajrih ka Musa.

¹⁵Geus kitu PANGERAN nimbalan ka Yosua

¹⁶sangkan marentah ka imam-imam anu
ngagotong Peti Perjangjian sina haranjat ti
eta walungan.

¹⁷Seug ku Yosua diparentahkeun,

¹⁸sarta barang imam-imam tea haranjat,
ger cai walungan teh ngocor deui nepi ka
mudal ka sisi.

¹⁹Eta jelema-jelema mareuntasna Walungan
Yordan teh dina poe nu kasapuluh dina bulan
nu kahiji, tuluy masang kemah di Gilgal
wetaneun kota Yeriho.

²⁰Batu anu dua belas siki bawa ti Walungan
Yordan tea ku Yosua disusun di dinya.

²¹Saurna ka urang Israil, "Baring supagi
anak maraneh nanyakeun boga harti naon ieu
susunan batu teh,

²²terangkeun yen ieu jadi tanda pitulung
PANGERAN, waktu Mantenna mendet

Walungan Yordan nepi ka maraneh bisa mareuntas,

²³sakumaha Mantenna geus ngabendung Laut Beureum nepi ka urang bisa meuntas.

²⁴Sangkan unggal jelema di ieu bumi bakal nyaho kumaha rongkahna kakawasaan PANGERAN, sarta maraneh baris hormat ka PANGERAN Allah maraneh sapanjangna."

5 ¹Raja-raja urang Emor di kuloneun Walungan Yordan, kitu deui raja-raja urang Kanaan di sisi Laut Tengah, geus ngadarenge beja yen Walungan Yordan dibendung ku PANGERAN sarta urang Israil geus mareuntas, kacida galimirna, miris ku urang Israil.

²Ngandika PANGERAN ka Yosua, "Maneh kudu nyieun peso tina batu, urang Israil kudu disarunatan."

³Timbalan teh ku Yosua dijalankeun, urang Israil disarunatan di hiji tempat anu disebut Pasir Pangeureutan.

⁴(5: 4-6) Basa bareto budal ti Mesir, kabeh lalaki geus disarunatan. Tapi waktu uprak-apruk di gurun keusik nepi ka opat puluh taun, barudak lalaki anu dijarukeun di dinya mah taya anu disunatan. Sarta dina pameakan jaman eta, sakabeh lalaki anu basa budal ti Mesir geus meujeuhna jaradi prajurit, geus pararaeh lantaran ngabaha ka PANGERAN. Maranehanana keuna ku sumpah PANGERAN, yen moal kungsi narenjo tanah

anu subur makmur, anu ku Anjeunna geus dijangjikeun ka karuhun-karuhunna tea.

⁵ (5: 4)

⁶ (5: 4)

⁷ Ari anak-anakna can aya nu disunatan, sarta nya turunan anyar ieu anu disarunatan ku Yosua teh.

⁸ Sanggeus ieu disarunatan, kabehanana sina ngarendek di pasanggrahan, sina calalageur heula.

⁹ Ngandika PANGERAN ka Yosua, "Poe ieu maraneh ku Kami geus diangkat tina kahinaan, geus lain abid-abid urang Mesir deui." Ku sabab kitu eta tempat teh dingaranan Gilgal, tetep nepi ka kiwari.

¹⁰ Sabot ngarendek di Gilgal di hiji padataran deukeut Yeriho, dina malem tanggal opat belas bulan eta, urang Israil mestakeun Paska.

¹¹ Dina poe isukna maranehna geus mimiti ngasaan hasil pepelakan tanah Kanaan, dalahar sanggray gandum jeung roti jarieunna, teu diragian.

¹² Geus kitu mah manna tea henteu turun deui sarta urang Israil eureun ngadahar manna. Ti semet harita dalalaharna teh tina hasil pepelakan tanah Kanaan.

¹³ Sabot aya di tempat anu deukeut ka tanah Yeriho, Yosua ujug-ujug ningali aya hiji jelema di payuneunana keur matek pedang. Seug

disampeurkeun, dipariksa, "Ieu teh prajurit mana, batur atawa musuh?"

¹⁴"Duanana lain," walonna. "Kami di dieu teh jadi panglima perang PANGERAN." Bruk Yosua sujud kana taneuh, ngahormat sarta unjukan, "Bade aya pikersaeun naon ka sim kuring? Sim kuring sumeja ngesto."

¹⁵Panglima perang PANGERAN ngawaler, "Lesotkeun tarumpah maneh, sabab ieu bumi anu keur ditincak ku maneh teh suci." Yosua ngalesotkeun tarumpahna.

6 ¹Ari kota Yeriho lawangna ditutup terus tur dijaga, sieun kaasupan ku urang Israil. Teu aya nu bisa asup atawa kaluar ti dinya.

²Ngandika PANGERAN ka Yosua, "Ayeuna Yeriho katut raja jeung baladna anu garagah ku Kami rek diserenkeun ka maneh.

³Maneh jeung balad-balad di jero genep poe kudu ngurilingan eta kota, sapoe sakuriling.

⁴Kudu jeung tujuh imam, masing-masing imam kudu marawa tarompet sarta laleumpangna kudu di heulaeun Peti Perjangjian. Dina poe katujuhna maneh sabalad-balad ngurilinganana teh kudu tujuh kali, dibarengan ku imam-imam nariup tarompet.

⁵Sora tarompetna kudu lambat, panjang. Lamun geus aya sora tarompet, harita keneh kabeh kudu surak masing bedas, kuta eta kota tangtu rugrug, terus gerebeg ku saayana balad ka jero."

⁶Seug Yosua nya ur imam-imam, saurna, "Peti Perjangjian gotong, sarta hareupeun eta kudu aya tujuh imam anu marawa tarompet."

⁷Geus kitu anjeunna marentahkeun balad-balad geusan mimiti ngurilingan eta nagara, diaping ku barisan pangawal hareup anu laleumpangna hareupeun Peti Perjangjian PANGERAN.

⁸(6: 8-9) Prak dijaralankeun sakumaha parentah Yosua, barisan pangawal hareup ti heula, heulaeun imam-imam anu nariup tarompet, tukangeunana imam-imam anu ngagotong Peti Perjangjian, disambung ku barisan pangawal tukang. Sajeroning kitu, tarompet ditiup.

⁹(6: 8)

¹⁰Tapi Yosua geus ngingetan teu meunang surak, teu meunang aya nu ngomong sakemek lamun can diparentahkeun.

¹¹Seug anjeunna marentah ngagotong Peti Perjangjian tea dibawa ngurilingan kota tea sakali. Geus kitu marulang deui ka pasanggrahan terus marondok.

¹²(6: 12-13) Poe isukna Yosua gugahna isuk-isuk pisan, terus jeung balad-balad ngurilingan deui kota; tata barisanana cara kamari: panghareupna barisan pangawal hareup, tukangeun eta tujuh imam anu nariup tarompet, disambung ku imam-imam anu ngagotong Peti Perjangjian PANGERAN,

ahirna barisan pangawal tukang. Sapanjang kitu tarompet ditariup.

¹³(6:12)

¹⁴Dina poe kadua ge ngurilinganana kota teh ngan sakali, tuluy marulang ka pakemahan. Kitu bae meunang genep poe.

¹⁵Dina poe katujuhna harudangna barang bray isuk, terus ngurilingan kota tea meunang tujuh kali, tata barisanana angger. Ngan poe anu katujuhna bae ngurilingan tujuh kali teh.

¹⁶Dina katujuh kalina nguriling, barang imam-imam rek nariup tarompet, Yosua marentah barisan kudu surak, sarta saurna, "Ieu kota ku PANGERAN geus diselehkeun ka maraneh!

¹⁷Ieu kota katut sagala eusina kudu dibasmi, jieun kurban ka PANGERAN. Anu meunang disalametkeun ngan Rahab, palacuran tea, jeung saeusimahna, lantaran geus nulungan nyumputkeun mata-mata urang.

¹⁸Poma, barang naon bae anu baris dibasmi ulah aya nu dicokot; upama maraneh nyokot, bakal goreng balukarna jeung matak ruksak pakemahan Israil.

¹⁹Ari barang-barang tina perak, emas, tambaga atawa beusi, eta geus diwalkeun sanggakeuneun ka PANGERAN, baris disimpen jadi rajabrana PANGERAN."

²⁰Imam-imam seug nariup tarompet. Harita keneh ger jelema-jelema sarurak bedas pisan, brug kuta teh rugrug. Breg sawadya

balad arunggah ka luhur pasir, ngagerebeg ka jero kota.

²¹ Pedangna dipake ngabinasa sakur pangeusina, lalaki, awewe, nu ngarora, nu karolot. Sasatoan oge, domba, kalde, dipaehan bae.

²² Yosua miwarang dua jelema anu jadi mata-mata tea, saurna, "Teang awewe dayang teh ka imahna, bawa ka dieu jeung sakulawargana, nyumponan jangji maraneh."

²³ Bral maranehna arindit. Rahab dibawa kaluar, kitu deui bapana, indungna, dulur-dulurna katut baraya-baraya sejenna. Maranehna kabeh katut jeung badega-badegana dibawa ka deukeut pakemahan urang Israil sangkan salamet.

²⁴ Geus kitu eta kota katut sapangeusina dihuru, iwal ti barang-barang tina perak, emas, tambaga jeung beusi anu geus dicokot ti heula disimpen dina panyimpenan rajabrama PANGERAN.

²⁵ Tapi Rahab dayang tea jeung kabeh kulawargana ku Yosua dirahayukeun, dumeh geus nulungan nyumputkeun dua mata-mata anu lolongok ka Yeriho tea. (Turunan eta awewe tepi ka kiwari hirupna teh di Israil.)

²⁶ Harita Yosua ngedalkeun hiji supata, saurna, "Sing saha anu nyoba-nyoba ngadegkeun deui ieu kota Yeriho, tangtu disapa ku PANGERAN. Anu nyieun pademenna

mangka paeh anak cikalna; Anu ngadegkeun lawangna mangka paeh anak bungsuna."

²⁷ Bener, PANGERAN teh nyarengan ka Yosua. Yosua jadi kamashur ka sakuliah tanah eta.

7 ¹ Barang naon bae ti Yeriho anu kudu dimusnakeun, ku urang Israil teu meunang aya nu dicokot, kitu timbalan PANGERAN. Tapi eta timbalan teh teu diturut. Jelemana anu henteu nurut teh ngaranna Akan. PANGERAN pohara benduna ka Israil. (Demi Akan teh anakna Karmi, incu Sabdi, warga Serah, ti kaom Yuda.)

² Yosua teh ngajurung jelema ti Yeriho ka Ai, wetaneun kota Betel deukeut Bet Awen, dipiwarang nalungtik. Sabada nalungtik,

³ terus wawarti ka Yosua, pokna, "Ngarurug Ai mah teu kedah ku sadayana, ku dua tilu rebu urang oge cekap. Balad teu perlu diinditkeun sadayana. Alit Ai mah."

⁴ Nya anu diinditkeun teh ngan kira-kira tilu rebu urang. Ari heug teh teter nepi ka kalalabur,

⁵ dibeberik ku urang Ai ti lawang kota. Malah aya nu kasarambut, tariwas di hiji pupudunan, kira-kira tilu puluh genep urang. Geus kitu mah urang Israil jadi leungit wawanen tur katarajang sieun.

⁶ Bawaning ku prihatin, Yosua jeung para pamingpin nyosoeh anggoan, sarta ngabeubeutkeun anjeun kana taneuh

hareupeun Peti Perjangjian PANGERAN.
Nepi ka peuting ngagolerna di dinya,
sarta mastakana diteundeunan lebu tanda
nalangsa.

⁷ Pok Yosua miunjuk, "Nun PANGERAN Nu Maha Agung! Kanggo naon abdi sadaya dicandak meuntasan Walungan Yordan teh? Kanggo selehkeuneun ka urang Emor? Supados dibasmi? Ku naon henteu dipiwarang cicing di ditu bae palih ditueun Walungan Yordan?

⁸ Duh Gusti, kumaha abdi nya kedah nyanggem saparantos urang Israil kieu, kalalabur ti musuh?

⁹ Ieu tangtos kakuping ku urang Kanaan, ku saban jalmi urang ditu. Tangtos maranehna ka darieu ngepung, seug abdi sadaya dipaehan! Upami kitu kajadianana, bade kumaha Gusti nya ngajagi kaagungan salira?"

¹⁰ Ngandika PANGERAN ka Yosua, "Geura cengkat! Nanaonan eta teh ngagoler dina taneuh?

¹¹ Urang Israil boga dosa! Parentah Kami anu majar ku maranehna rek diturut, dilanggar. Maranehna nyarokot sababaraha rupa barang haram anu kuduna dimusnakeun. Maranehna maralingan eta barang-barang, disarumputkeun, dicampurkeun jeung barangna sorangan ngarah teu kaciri.

¹² Eta anu jadi sabab maranehna teu kuat nyanghareupan musuh. Kalalabur ti musuh,

Iantaran dirina keuna ku lakanat jeung kudu tariwas! Upama eta barang-barang anu ceuk Kami teu meunang dicokot acan dimusnakeun, Kami embung deui ngaping maraneh.

¹³ Geura cengkat! Jelema-jelema sina susuci tuluy sina daratang ka Kami. Bejakeun isukan kudu saradia, sabab Kami, GUSTI Allah, Allahna Israil, rek ngandika kieu, Eh Israil, barang-barang anu ceuk parentah Kami kudu dimusnakeun, sawareh aya keneh di maraneh! Lamun eta barang-barang teu dimusnakeun, maraneh hamo tahan ngalawan musuh.

¹⁴ Ku sabab eta, Yosua, bejakeun, isukan isuk-isuk maranehna arek dipariksa sagolongan-sagolongan. Upama Kami nujul hiji golongan, sakabeh kaom golongan eta kudu maju sakaom-sakaom. Jeung upama Kami nujul hiji kaom, sakabeh kulawarga eta kudu maju sakulawarga-sakulawarga. Tuluy upama Kami nujul hiji kulawarga, sabab jelema kulawarga eta kudu maju saurang-saurang.

¹⁵ Jelema anu katujul tur kabuktian nyokot barang-barang anu dilarang tea kudu dihuru bareng jeung sakulawargana jeung sagala pangabogana; Iantaran manehna geus ngalanggar perjangjian Kami tur nyieun kajahatan di tengah-tengah umat Israil."

¹⁶ Isukna isuk-isuk, urang Israil teh ku Yosua geus dipaju-pajukeun sagolongan-sagolongan. Seug katujul golongan Yuda.

¹⁷ Golongan Yuda diasrogkeun sakaom-sakaom, nu katujul kaom Serah. Kaom Serah diasrogkeun sakulawarga-sakulawarga, nu katujul kulawarga Sabdi.

¹⁸ Kulawarga Sabdi ku Yosua dipajukeun saurang-saurang, nu katujulna Akan, anakna Karmi, incu Sabdi.

¹⁹ Saur Yosua ka dinya, "Anaking! Pek terangkeun sabalakana di dieu di payuneun PANGERAN, Allahna urang Israil. Bejakeun ka Bapa, hidep geus migawe naon? Poma ulah dibuni-buni."

²⁰ Akan ngajawab, "Leres abdi teh gaduh dosa ka PANGERAN, Allahna urang Israil. Kieu abdi teh,

²¹ di antawis barang-barang jarahan ningal jubah buatan Babul kalintang saena, perak kinten-kinten dua kiloeun, sareng emas sagelempeng anu abotna langkung ti satengah kilo. Kalintang pikabitaeunana, teras dibantun, salajengna dikubur di lebet kemah, dupi perakna disimpen panghandapna."

²² Yosua miwarang jelema anu terus lalumpat ka eta kemah. Barang-barang haram teh kapanggih, enya dikubur sarta perakna aya di panghandapna.

²³Tuluy dibawa kaluar ti jero kemah,
diserenkeun ka Yosua katut ka bangsa Israil,
ditumpuk payuneun PANGERAN.

²⁴Akan ku Yosua jeung ku urang Israil
dicerek. Ari perakna, jubahna jeung
gelempengan emasna dijabel. Geus kitu
bareng jeung anak-anakna, nu lalaki nu
awewe, ingon-ingonna, kalde jeung dombana,
kemahna katut sagala rupa pangabogana,
dibawa ka Lebak Sangsara.

²⁵Saur Yosua, "Ku naon hidep teh nyiksa
bangsa sorangan? Ku sabab kitu ayeuna
hidep baris nampa siksaan PANGERAN!" Geus
kitu Akan ku jelema-jelema dibaledogan ku
batu nepi ka paeh. Kulawargana oge, kitu
deui sagala pangabogana dibaledogan ku
batu tuluy diduruk.

²⁶Ti dinya luhureun tempat eta dibugbrugan
ku batu luhur pisan. Tumpukan batuna nepi
ka kiwari aya keneh. Nya ku sabab kitu eta
tempat teh dingaranan Lebak Sangsara. Ti
dinya PANGERAN leler benduna.

8¹ Ngandika PANGERAN ka Yosua, "Bawa
ku maneh sakabeh prajurit ka Ai. Tong
sieun-sieun, tong inggis-inggis. Raja Ai,
rahayatna, kotana jeung tanahna ku Kami rek
diselehkeun ka maneh.

²Ai jeung rajana, ku maneh jieun cara kota
Yeriho jeung rajana tea. Tapi ayeuna mah
babandaan jeung ingon-ingonna meunang

dijarah pikeun maraneh. Pek atur, bongohan eta kota teh ti tukangeunana."

³Seug Yosua mepek sakabeh prajurit rek ngarurug Ai. Anjeunna meting tilu puluh rebu prajurit anu panghadena, diinditkeun ti peuting.

⁴Parentahna, "Maraneh kudu nyarumput beulah ditueun kota, tapi ulah jauh teuing. Kudu tarapti baris ngarurug.

⁵Ari barisan Bapa arek ngadeukeutan ka kotana. Di mana urang Ai budal mapag perang, rek ditinggalkeun lumpat cara ti heula.

⁶Keun maranehanana sina ngarudag sina jarauh ti kotana. Maranehanana nyangka tangtu urang kabur cara ti heula.

⁷Geus kitu maraneh bijil ti panyumputan, ngajabel eta kota. PANGERAN Allah maraneh baris nyelehkeun eta kota ka maraneh.

⁸Mun geus kajabel kudu dihuru, kitu anu dipundut ku PANGERAN. Kitu tugas maraneh."

⁹Geus kitu tuluy diinditkeun. Bral arindit muru tempat panyumputan, ngadarago di dinya kuloneun Ai, antara Ai jeung Betel. Ari Yosua mah ngawengi di pangkalan urang Israil.

¹⁰Isukna subuh keneh Yosua geus tarapti ngatur balad. Ti dinya angkat dibarengan ku para pangurus, ngapalaan balad ka Ai.

¹¹Baladna maju lempeng ka lebah lawang utama eta kota, tuluy masang kemah di

beulah kaler. Ti lebah dinya ka Ai kahalangan
ku hiji lebak.

¹²Anjeunna misahkeun kira-kira lima rebu
prajurit, sina nyarumput di kuloneun kota,
antara Ai jeung Betel.

¹³Balad geus tarapti pikeun perang, balad
utama di kalereun kota, sesana di beulah
kulon. Peuting eta Yosua ngawengi di eta
lebak.

¹⁴Barang raja Ai nangenan yen aya balad
Yosua, gesat-gesut pak-pik-pek. Geus kitu
budal jeung baladna muru ka Lebak Yordan
sejana merangan Israil di dinya cara ti heula.
Teu nyahoeun yen ti beulah tukang keur
didodoho.

¹⁵Seug Yosua sabalad-balad pura-pura
mundur, lalumpatan ka tanah gundul.

¹⁶Balad Ai kabeh dikeprik ti jero kota sina
ngarudag ka Yosua. Ku sabab kitu maranehna
jadi beuki jauh ti kotana.

¹⁷Anu ngarudag ka urang Israil teh
kabehanana, kotana jadi molongpong jeung
teu aya nu ngajaga.

¹⁸Ngandika PANGERAN ka Yosua, "Tojokeun
tumbak maneh ka lempengan Ai. Kami rek
nyelehkeun eta kota ka maneh." Ku Yosua
dijalankeun.

¹⁹Barang cung anjeunna ngangkat
panangan, balad anu keur nyarumput tea
carengkat, terus ngambreg ka jero kota,
tuluy eta kota teh dijabel, gur dihuru.

²⁰ Barang urang Ai ngalalieuk, kotana geus meleketektek ku haseup. Tapi geus teu aya jalan lumpat, sabab balad Israil anu tadi lalumpatan ka tanah gundul teh malik nempuh.

²¹ Sanggeus Yosua nangenan yen eta kota geus kajabel malah geus dihuru, baladna malik ngagempur balad Ai.

²² Balad Israil anu geus arasup ka jero kota laluncatan terus muru ka medan perang mantuan baturna. Balad Ai nyaho-nyaho geus ditingker rekep ku balad Israil, seug beak kabeh paraeh digempur. Taya hiji anu luput, taya hiji anu teu nepi ka paeh,

²³ ngan kari rajana. Eta mah dicerek dijieuun tawanan ku Yosua.

²⁴ Saban musuh anu tadi ngarudag ka tanah gundul, ku urang Israil geus dipaehan kabeh. Beres ti dinya, balad Israil maralik deui ka Ai, maehan sakur nu kari di dinya.

²⁵ (8: 25-26) Ari Yosua masih keneh nojokeun tumbak, tumbakna teu turun-turun nepi ka musuh beak kabeh diparaehan. Urang Ai anu kabehna aya dua belas rebu jelema lalaki awewe poe eta beak sama sakali dibasmi.

²⁶ (8: 25)

²⁷ Ingon-ingon jeung babandaanana dijarah ku urang Israil, nurutkeun timbalan PANGERAN ka Yosua tea.

²⁸Kota Ai ku Yosua dihuru, tuluy diantep jadi ruruntuk. Nepi ka kiwari kaayaanana tetep kitu.

²⁹Ari raja Ai ku anjeunna digantung dina patok, mayitna diantep nepi ka burit. Sanggeus sareupna kakara ku anjeunna diparentahkeun sina diturunkeun, tuluy dibalangkeun ka hareupeun lawang kota, breg dibugbrugan batu luhur pisan. Tumpukan batu tea aya nepi ka kiwari.

³⁰Geus kitu Yosua ngadegkeun altar di Gunung Ebal kanggo PANGERAN, Allahna Israil.

³¹Ngadamelna altar nurutkeun pituduh Musa, abdi Allah, ka urang Israil, sakumaha anu kaungel dina Hukum Musa, "Hiji altar tina batu, teu meunang aya tapak-tapak pakakas beusi." Dina luhur eta altar maranehna ngaduruk kurban ka PANGERAN, sarta nyanggakeun kurban beuleuman.

³²Kasaksian ku urang Israil, dina eta batu Yosua ngadamel salinan Hukum anu diserat ku Musa tea.

³³Urang Israil jeung para pangurusna, kapala-kapala baladna, hakim-hakimna, kitu deui jalma piluaran nu araya di maranehna, nararangtung kenca katuhueun Peti Perjangjian PANGERAN, nyalanghareup ka imam-imam kaom Lewi anu ngagotong eta peti. Nu saparo narangtungna nyanghareup ka Gunung Gerisim, nu saparo deui

nyanghareup ka Gunung Ebal. Cara kitu teh memang geus ditetepkeun ti tadina ku Musa, abdi Allah, ka maranehna, samangsa maranehna arek narima berkah.

³⁴ Ti dinya saeusining Hukum teh ku Yosua diaos bedas, kitu deui hal piberkaheunana jeung panyapana, sakumaha anu kaungel dina kitab Hukum.

³⁵ Tiap-tiap Hukum Musa teh ku Yosua diaoskeun ka sakabeh nu karumpul, kaasup awewe jeung barudak, kitu deui urang piluaran anu araya di maranehna.

9¹ Beja kaunggulan Israil geus kadarengeeun ku sakabeh raja-raja di peuntaseun Walungan Yordan beulah kulon, nu di pagunungan, nu di suku pagunungan jeung nu di sisi basisir Laut Tengah. Malah kadenge ka nu leuwih jauh ti dinya, ka tebeh kaler, ka Libanon. Eta raja-raja teh nya eta raja-raja urang Het, urang Emor, urang Kanaan, urang Pares, urang Hiwi jeung urang Yebus.

²Eta raja-raja seug rempukan ngahijkeun kakuatan, arek merangan ka Yosua, ka urang Israil.

³Tapi urang Gibon, nya eta bangsa Hiwi, geus meunang beja tina hal anu dipidamel ku Yosua ka kota Yeriho jeung Ai.

⁴Tuluy mutuskeun rek nyiasatan Yosua. Maranehna ngamomotan kalde-kalde ku karung-karung heubeul jeung kantong-

kantong kulit wadah anggur anu geus
barutut, tuluy arindit,

⁵marake pakean anu geus rarawing sarta
ditarumpah butut. Bekelna roti anu geus
garing, teuas tur geus bulukan.

⁶Sanggeus daratang ka pakemahan di
Gilgal, pok maranehna akon-akon ka Yosua
jeung ka urang Israil, "Sim kuring teh ti nagri
tebih, maksad sumeja ngajak ngayakeun
perjangjian sareng Juragan."

⁷Ari ceuk urang Israil, "Naha bet kedah
aya perjangjian sagala antara kuring sareng
aranjeun? Boa teuing aranjeun teh urang dieu
bae, ti nu caket."

⁸Ari ceuk maranehna ka Yosua, "Sim kuring
sumeja tumut kumaha Juragan." Yosua
mariksa, "Saleresna aranjeun teh saha, nu ti
mana?"

⁹Jawab maranehna kieu, "Juragan, nagri
sim kuring kalintang tebihna ti dieu. Pangna
ngadeuheus, reh nguping wartos perkawis
PANGERAN, Allah Juragan. Sim kuring
parantos kenging wartos hal anu dipidamel
ku Anjeunna di Mesir,

¹⁰kitu deui nu dipidamel-Na ka dua raja
bangsa Emor di peuntas wetan Walungan
Yordan, nya eta Raja Sihon di nagri Hesbon,
sareng Og raja Basan anu calikna di Astarot
tea.

¹¹Sim kuring ku para pamingpin sareng
rahayat nagri sim kuring dipiwarang bebekel

saperluna, dijurung leumpang ngadeuheus ka Juragan di dieu, ngunjukkeun sumeja taluk ka Juragan sadaya. Ku margi kitu, panuhun mugi Juragan pulur manah kanggo ngayakeun perjangjian sareng sim kuring.

¹² Mangga tingalian roti bekel sim kuring. Nalika bral mios sumeja ngadeuheus ka Juragan, eta teh haneut keneh. Ayeuna mangga ieu tingalian! Parantos garing sareng bulukan.

¹³ Ieu wadah cianggur, waktos ngawitan dieusian mah alanyar keneh. Nanging, tingali! Parantos bararedah. Pakean, tarumpah, dugi ka barutut kieu, bawaning ku tebihna lalakon."

¹⁴ Top eta bebekelan teh ku urang Israil ditampanan, teu naros heula perkara eta ka PANGERAN.

¹⁵ Seug Yosua ngadamel perjangjian mimitran jeung urang Gibon, jelema-jelemana meunang hirup. Eta perjangjian ditetepkeun ku sumpah para pamingpin urang Israil.

¹⁶ Tilu poe ti barang eta perjangjian dijueun, kanyahoan ku urang Israil yen eta jelema-jelema teh ti nu deukeut bae.

¹⁷ Kanyahoanana sanggeus urang Israil maju deui meunang tilu poe sarta nepi ka kota Gibon, Kapira, Berot, jeung Kiryat Yarim, tempat tinggal eta jelema-jelema tea.

¹⁸Tapi urang Israil teu bisa maehan maranehna, sabab para pamingpinna geus sumpah demi PANGERAN, Allahna Israil. Kabeh urang Israil gegelendeng ka pamingpin-pamingpinna,

¹⁹tapi saur aranjeunna, "Urang geus sumpah demi GUSTI Allah, Allahna Israil. Jadi urang teu bisa kua-kieu ka maranehna.

²⁰Urang kudu ngantep maranehna harirup lantaran geus katalian ku jangji. Mun urang cidra, tangtu urang dihukum ku Allah.

²¹Keun bae sina harirup, tapi urang jadikeun tukang ngarala suluh jeung tukang ngarala cai." Kitu usul para pamingpin teh.

²²Geus kitu Yosua marentah supaya urang Gibon dipanggil. Saurna ka maranehna, "Ku naon maraneh ngabobodo majar ti nu jauh, padahal urang dieu?

²³Ku hal eta maraneh disapa ku Allah. Rahayat maraneh kudu terus jadi badega salalawasna, purah ngala suluh, ngala cai, keur kaperluan gedong suci Allah kami."

²⁴Jawabna, "Mangga teh teuing Juragan. Reh sim kuring terang aya timbalan PANGERAN Allah Juragan ka Musa abdi-Na, yen ieu tanah sakuliahna baris diselehkeun ka Juragan, sareng jalmi-jalmina ku Juragan kedah diparaahan. Sim kuring midamel kitu teh bawaning sieun ku Juragan, melang kana nyawa.

²⁵Ayeuna sim kuring sadayana aya dina
genggeman Juragan. Mangga pidamel
kumaha pangersa."

²⁶Ku Yosua maranehna ditangtayungan, teu
meunang diparaehan ku urang Israil.

²⁷Tapi kudu tuluy dijieu badega purah
ngarala suluh, ngarala cai, keur urang Israil
jeung keur kaperluan altar PANGERAN. Kituna
teh nepi ka kiwari, di tempat paranti babakti
anu geus ditetepkeun ku PANGERAN.

10¹Adonisedek, raja Yerusalem, geus
meunang beja, yen Ai geus beunang
jeung geus ditumpurkeun ku Yosua, sarta
rajana dipaehan sakumaha anu tumiba
ka nagri Yeriho jeung rajana. Jeung geus
meunang beja yen urang Gibon geus
rarapihan sarta hirup rukun jeung urang
Israil.

²Ku hal eta, urang Yerusalem kacida ngarasa
seberna, sabab Gibon teh sarua gedena
jeung nagri anu mana bae oge di dinya anu
dikapalaan ku raja, malah leuwih gede ti
batan Ai, katurug-turug jelema-jelemana
arahli perang.

³Ku kituna, Adonisedek ngajurungan utusan
ka Raja Hoham di Hebron, Raja Piram di
Yarmut, Raja Yapia di Lakis, jeung Raja Debir
di Eglon, pokna kieu,

⁴"Diantos sumpingna, bantuan ngarurug
Gibon, sabab urang dinya parantos rarapihan
sareng Yosua, nya sareng urang Israil."

⁵Eta lima raja urang Emor, nya eta raja-raja: Yerusalem, Hebron, Yarmut, Lakis jeung Eglon, meungkeut kakuatan, tuluy ngepung sarta ngarurug Gibon.

⁶Urang Gibon ngirim lisan ka Yosua di pakemahan di Gilgal, kieu, "Juragan, mugi ulah ngantep. Enggal sumping, tulungan sim kuring. Mugi dijait. Raja-raja Emor ti pagunungan parantos ngahiji ngalawan sim kuring."

⁷Seug Yosua nyandak balad katut jeung balad petinganana, budal ti Gilgal.

⁸Ngandika PANGERAN ka Yosua, "Tong sieun ku musuh. Ku Kami maneh geus ditangtukeun baris tangtu unggul. Maranehna moal aya nu kuat ngalawan ka maneh."

⁹Yosua sabalandna terus maju sapeupeuting ti Gilgal, muru ka Gibon, arek ngayakeun gempuran ngadadak ka urang Emor.

¹⁰Urang Emor ku PANGERAN disina kacida geumpeurna narenjo balad urang Israil teh. Maranehna ku urang Israil dibasmi di Gibon, anu harirup keneh diudag tarurun ti lamping gunung di Bet Horon, haben dibeberik jauh pisan nepi ka Aseka jeung Makeda di beulah kidul.

¹¹Sabot urang Emor lalumpatan turun di lamping nyinkahan balad Israil, PANGERAN nurunkeun hujan es anu baradag ninggangan maranehna sapanjang jalan ka Aseka. Anu

paraeh katinggang ku eta hujan es leuwih
loba batan anu diparaehan ku urang Israil.

¹²Ari Yosua, dina poean PANGERAN
ngersakeun Israil unggul ngelehkeun urang
Emor teh unjukan ka PANGERAN. Kieu
saurna, kasaksian ku urang Israil, "Eh
panonpoe, geura ngarandeg lebah Gibon. Eh
bulan, geura ngarandeg lebah Lebak Ayalon."

¹³Reg panonpoe ngarandeg. Reg bulan
ngarandeg. Kituna teh nepi ka urang Israil
anggeus numpes musuh. Hal ieu geus
kaungel dina Kitab Yasar. Panonpoe nepi ka
ngarandeg di satengahing langit, sapoe jeput
teu surup-surup.

¹⁴Ti baheula, tepi ka jaga oge, acan
jeung moal kungsi aya poe saperti harita,
PANGERAN kersa ngamakbul panuhun
manusa sarupa kitu. PANGERAN ngiring
perang nyarengan Israil!

¹⁵Sanggeus kitu Yosua sabalandna mulih ka
pakemahan di Gilgal.

¹⁶Demi raja-raja urang Emor tea limaanana
kalabur, tuluy nyarumput di hiji guha di
Makeda.

¹⁷Panyumputanana aya nu manggihan,
tuluy dibejakeun ka Yosua.

¹⁸Saur Yosua, "Lawang guhana begbregan
ku batu galede jeung kudu dijaga.

¹⁹Tapi maraneh ulah kajongjonan di
dinya, kudu terus ngudag ngagempur ti
tukangeunana, ulah aya nu bisa molos ka

kotana. PANGERAN Allah maraneh geus ngersakeun sangkan maraneh unggul."

²⁰ Seug eta musuh teh ku Yosua jeung balad Israil dibabab nepi ka tumpur. Ari anu kari, ngarejat ka kota neangan panyalindungan. Eta mah salamet teu milu tiwas.

²¹ Geus kitu sabalad Yosua marulang ka pakemahan di Makeda, salamet kabeh. Di sakuliah tanah eta geus teu aya anu wani ngomong-ngomong acan perkara urang Israil.

²² Geus kitu saur Yosua, "Lawang guha teh bongkar, gusur eta lima raja ka dieu."

²³ Lawang guha dibongkar. Raja Yerusalem, raja Hebron, raja Yarmut, raja Lakis jeung raja Eglon dibijilkeun kaluar,

²⁴ terus dibawa ka Yosua. Ti dinya Yosua manggil urang Israil kabeh, sarta marentah ka perwira-perwira anu nyarengan perang ka anjeunna supaya ka hareup, dipiwarang narincakkeun sukuna kana beuheung eta raja-raja.

²⁵ Saur Yosua ka eta perwira-perwira anjeunna, "Tong inggis-inggis atawa hemar-hemir. Tegerkeun hate sing teteg, sabab saksian ayeuna, kumaha PANGERAN ngahukumna ka sakabeh musuh aranjeun."

²⁶ Geus kitu eta raja-raja teh ku Yosua dipaehan, mayitna digantung-gantungkeun dina lima patok, cul diantep nepi ka burit.

²⁷ Wanci panonpoe surup Yosua marentah supaya eta mayit-mayit teh diturunkeun, tuluy

dibalangkeun ka jero guha urutna nyarumput. Tuluy lawang guhana dibugbrugan ku batu galede, nutupan eta lawang guha nepi ka kiwari.

²⁸Poe eta keneh Yosua ngarurug ka nagri Makeda nepi ka beunangna, rajana ditangkep. Pangeusina beak dipaehan, teu aya nu dikarikeun. Ari rajana dipaehanana disaruakeun cara raja Yeriho.

²⁹Sabada eta, Yosua sabaladna ti Makeda muru ngarurug ka Libna.

³⁰Di dieu oge urang Israil unggul, ku karana PANGERAN. Eta nagara jeung rajana beunang. Pangeusina beak dipaehan, teu aya nu dikarikeun. Ari rajana dipaehanana disaruakeun cara raja Yeriho.

³¹Sabada eta, Yosua sabaladna ti Libna muru ka Lakis. Eta nagri dikepung, terus ditarajang.

³²Dina poe kaduana, Israil perangna unggul, ku karana PANGERAN. Cara di Libna bae, di dieu oge pangeusina teu aya nu dikarikeun, beak dipaehan.

³³Raja Horam ti nagara Geser datang arek ngabantu Lakis, tapi ku Yosua dielehkeun, manehna sabaladna dipaehan teu aya nu dikarikeun.

³⁴Ti Lakis, Yosua sabaladna muru ka Eglon. Eta nagara dikepung, tuluy ditarajang.

³⁵ Poe eta keneh geus beunang, pangeusina beak dipaehan teu aya nu dikarikeun, cara di Lakis bae.

³⁶ Sabada eta, Yosua sabalandna ti Eglon naranjak ka pasir muru ka Hebron.

³⁷ Eta nagri kajabel. Rajana kitu deui jalma-jalmana kabeh dipaehan cara anu di nagri-nagri tatanggana. Nagrina ku Yosua dibasmi nepi ka tumpur, disaruakeun cara ka Eglon. Teu aya anu dikarikeun hirup.

³⁸ Ti dinya Yosua sabalandna malik deui muru ngarurug ka Debir.

³⁹ Eta nagri beunang jeung raja-rajana katut kota-kotana. Pangeusina kabeh ditumpes. Debir katut rajana ku Yosua dijieuun cara ka nagri Hebron jeung Libna jeung ka raja-rajana.

⁴⁰ Sakuliah tanah eta geus eleh ku Yosua. Raja-raja anu di daerah pagunungan kasoran, boh anu di lamping-lamping beulah wetan, boh anu di tutugan-tutugan gunung beulah kulon, kitu deui di daerah-daerah tanah keri di beulah kidul. Taya anu dihirupan, kabeh ditumpes. Kitu ditimbalanana ku GUSTI Allah, Allahna Israil.

⁴¹ Panarajang Yosua ti Kades Barnea diteruskeun ka kidul, ka Gasa di deukeut basisir, kitu deui sakuliah tanah Gosen nepi ka tanah Gibon di kaler.

⁴² Raja-rajana katut wilayah-wilayahna sakali ngagempur beunang kabeh ku Yosua,

sabab urang Israil dipangmerangankeun ku PANGERAN Allahna.

⁴³ Sabada eta, Yosua sabaladna marulang deui ka pakemahan di Gilgal.

11 ¹Beja yen urang Israil geus unggul perangna, geus tepi ka Raja Yabin di Hasor. Seug ngirim beja ka Raja Yobab di Madon, ka raja Simron, ka raja Aksap,

²ka raja-raja anu di pagunungan di kaler, ka raja anu di Lebak Yordan kiduleun Talaga Galilea, ka raja-raja di suku gunung, jeung ka nu di basisir deukeut Dor.

³Oge ngabejaan ka urang Kanaan di beulah kulon jeung wetaneun Walungan Yordan, ka urang Emor, ka urang Het, ka urang Pares, jeung ka urang Yebus di pagunungan, kitu deui ka urang Hiwi anu di suku Gunung Hermon di tanah Mispa.

⁴Seug anu dibeaan teh dararatang marawa prajurit. Sanggeus kumpul, eta prajurit-prajurit teh jadi hiji angkatan perang anu rongkah, bilanganana tinanding keusik di basisir. Turug-turug marawa kuda loba pisan jeung kareta-kareta perang.

⁵Eta raja-raja ngagabung jadi hiji kakuatan. Leugeudeut indit nepi ka hiji susukan anu ngaranna Susukan Merom, tuluy masang kemah di dinya, arek merangan urang Israil.

⁶Ngandika PANGERAN ka Yosua, "Tong sieun ku maranehna. Isukan wayah kiwari ku Kami rek ditumpes kabeh, keur urang Israil.

Bajegan kudana ku maneh, kareta-kareta perangna duruk."

⁷ Eta musuh ku Yosua sabalandna ditempuh, digeretak ngadadak di deukeut Susukan Merom,

⁸ sarta ku karana Allah, urang Israil unggul. Musuh digempur tuluy dibeledig ka kaler jauh pisan, nepi ka Misrepot Maim jeung Sidon. Nu ka wetan dibeledigna nepi ka hiji lebak di Mispa, jauh pisan. Tarung henteu waka eureun, nepi ka musuh geus teu aya deui nu hirup.

⁹ Kudana ku Yosua dibajegan, kareta-kareta perangna diduruk, numutkeun timbalan PANGERAN tea.

¹⁰ Ti dinya Yosua perangna malik ka Hasor. Hasor eleh, rajana beunang. (Ti antara sakabeh karajaan tea, harita Hasor teh nagri anu pangkuatna.)

¹¹ Eta kota dihuru, pangeusina ditumpes dibeakkeun.

¹² Kota-kota musuh dijabelan kabeh ku Yosua, raja-rajana ditewak, dipaahan kabeh, nyumponan parentah Musa abdi PANGERAN tea.

¹³ Tapi kota-kota anu di pasir-pasir bulistir mah ku urang Israil teh henteu aya anu dihuru, iwal ti Hasor tea bae, anu dihuru ku Yosua.

¹⁴ Ari barang-barang anu aya hargana kitu deui ingon-ingon, dijarah ku urang Israil,

aleukeurna. Jelema-jelemana mah kabeh oge dipaahan teu aya nu dihirupan,

¹⁵ sakumaha anu dipiwarang ku PANGERAN ka Musa bareto, anu ku Musa diamanatkeun ka Yosua, ayeuna ku Yosua dilaksanakeun, sarupa ge teu aya anu katinggaleun.

¹⁶ Sakuliah tanah eta geus beunang ku Yosua: Nu di pagunungan, nu di suku gunung beulah kidul, nu di suku gunung beulah kaler, sakuliah tanah Gosen jeung tanah keri di sakiduleun eta, kitu deui Lebak Yordan.

¹⁷ (11:17-18) Legana eta wilayah, mimiti ti Gunung Bulistir di kidul deukeut Edom, ka kalerna mayakpak satungtung deuleu nepi ka Baal Gad di lengkob Libanon kiduleun Gunung Hermon. Lila pisan Yosua merangan raja-rajana, tapi kabeh oge beunang sarta diparaahan.

¹⁸ (11:17)

¹⁹ Kota anu rukun jeung urang Israil teh ngan Gibon bae wungkul, anu dicaricingan ku sabagian urang Hiwi tea. Nu sejenna mah kabeh diperangan, dieleh-elehkeun.

²⁰ Maranehna ku PANGERAN dihaja sina merangan ka urang Israil, supaya tumpur lebur ditumpes ku urang Israil kalawan taya ampun, sakumaha dawuhan Mantenna ka Musa baheula.

²¹ Geus kitu Yosua ngajorag ka bangsa Enak, anu jelema-jelemana jarangkung gede, nyieun kotana di pasir-pasir tanah Hebron,

di Debir, di Anab, jeung di pasir-pasir anu di tanah Yuda jeung di tanah Israil. Ku Yosua kabeh tumpur dibasmi jeung kota-kotana.

²²Di tanah Israil geus teu aya deui urang Enak. Ngan kari di Gasa, di Gat jeung di Asdod, kitu ge tinggal saeutik.

²³Sakuliah tanah ku Yosua geus dirampas sakumaha anu geus didawuhkeun ku PANGERAN bareto ka Musa. Eta tanah tuluy dipasrahkeun ka urang Israil geusan jadi lemah caina, dibagi-bagikeun ka saban kaomna. Geus kitu kakara urang Israil ngeureunan perang, ari nagrina aman tur santosa.

12¹Urang Israil geus bisa ngarebut jeung ngeusian tanah wetaneun Walungan Yordan, ti semet Lebak Arnon terus nonggoh ka Lebak Yordan, terus ka kaler jauhna nepi ka Gunung Hermon. Dua raja di dinya geus eleh ku maranehna.

²Nu saurang ngaranna Sihon, raja urang Emor, marentahna di Hesbon. Karajaanana ngurung tanah Gilad sabeulah, mimiti ti Arur (di sisi Lebak Arnon) jeung ti kota anu aya di tengah eta lebak, jauhna nepi ka Walungan Yabok, anu jadi wates tanah Amon;

³ngurung oge Lebak Yordan mimiti ti Talaga Galilea, terus ngidul ka Bet Yesimot (wetaneun Laut Paeh), terus ka suku Gunung Pisga.

⁴Jeung geus ngelehkeun Raja Og ti Basan, turunan bangsa Repaim anu pangahirna, anu marentah di Astarot jeung Edrei.

⁵Karajaanana ngurung Gunung Hermon, tanah Salka jeung satanah Basan, ngawates ka tanah Gesur jeung tanah Maaka, ngurung oge saparona tanah Gilad, nepi ka wates daerah Raja Sihon, di Hesbon.

⁶Ieu dua raja geus dielehkeun ku Musa jeung urang Israil. Ari tanahna, ku Musa abdi PANGERAN tea, dibikeun ka kaom Rubin, ka kaom Gad jeung ka saparo kaom Menase, jadi milik maranehna.

⁷Ari anu dielehkeun ku Yosua jeung bangsa Israil, nya eta sakabeh raja anu di kuloneun Walungan Yordan, ti Baal Gad di Lebak Libanon terus ka Gunung Bulistir di beulah kidul, deukeut tanah Edom. Tanahna ku Yosua dibikeun ka kaom-kaom Israil, dijadikeun milikna anu tetep.

⁸Babagian eta tanah, ngurung anu di pagunungan, anu di suku gunung beulah kulon, anu di Lebak Yordan katut suku gunungna, anu di lamping-lamping beulah wetan, jeung tanah gundul di beulah kidul. Ieu wilayah teh urut urang Het, urang Emor, urang Kanaan, urang Pares, urang Hiwi jeung urang Yebus.

⁹Raja-raja anu areleh ku urang Israil tea, nagri-nagrina nya eta: Yeriho, Ai (deukeut Betel),

¹⁰Yerusalem, Hebron,

¹¹Yarmut, Lakis,

¹²Eglon, Geser,

¹³Debir, Geder,

¹⁴Horma, Arad,

¹⁵Libna, Adulam,

¹⁶Makeda, Betel,

¹⁷Tapua, Heper,

¹⁸Apek, Lasaron,

¹⁹Madon, Hasor,

²⁰Simron Maron, Aksap,

²¹Taanak, Megido,

²²Kedes, Yoknam (di Karmel),

²³Dor (di basisir), Goyim (di Galilea),

²⁴jeung Tirsa. Kabehna tilu puluh hiji raja.

13¹Ayeuna Yosua geus sepuh pisan.

13 PANGERAN ngadawuh, "Ayeuna maneh geus sakitu kolotna. Padahal rea keneh tanah anu kudu direbut.

²Sakuliah tanah Pelisti jeung Gesur,

³kitu deui sakuliah tanah Awim ka kidul.

(Ieu tanah ti semet Walungan Sihor anu ngawates ka tanah Mesir, terus ka kaler nepi ka wates tanah Ekron anu kaitung ka tanah Kanaan; ari raja-raja urang Pelisti maratuhna di Gasa, Asdod, Askelon, Gat jeung Ekron.)

⁴Terus sakuliah tanah Kanaan, tanah Meara (bogana urang Sidon), tanah Apek anu ngawates ka tanahnya urang Emor;

⁵ tanah urang Gebal, sakuliah Libanon ka wetan, ti semet Baal Gad kiduleun Gunung Hermon, nepi ka Hamat.

⁶ Sakuliah tanah urang Sidon anu maratuh di daerah pagunungan, antara Pagunungan Libanon jeung Misrepot Maim. Di mana eta diperangan ku urang Israil, nu barogana ku Kami baris diusir sina kalaluar ti dinya. Bagi-bagikeun tanahna ku maneh ka urang Israil sakumaha timbalan Kami ka maneh.

⁷ Ari tanah anu ieu, ayeuna bagikeun ka kaom-kaom Israil anu salapan deui sina dipiboga. Kaom Menase anu saparona deui oge bere bagian."

⁸ Ari kaom Rubin, kaom Gad jeung kaom Menase anu saparona deui, eta mah geus dibagianan tanah ku Musa, abdi PANGERAN tea, nya eta di wetaneun Walungan Yordan.

⁹ Wewengkonna legana nepi ka Arur (di tungtung Lebak Arnon) jeung kota nu aya di tengah-tengah eta lebak, kaasup oge sakuliah padataran luhur ti Medeba nepi ka Dibon,

¹⁰ terus nepi ka wates daerah Amon, kaasup sakumna kota anu kungsi digeugeuh ku Sihon raja urang Emor, anu kalungguhanana di Hesbon.

¹¹ Ngurung oge tanah Gilad, daerah-daerah Gesur jeung Maaka, Gunung Hermon sageemblengna, jeung sakuliah tanah Basan nepi ka tanah Salka.

¹² Terus sakarajaan Og, turunan bangsa Repaim anu pangahirna tea, anu marentahna di Astarot jeung Edrei. Eta kabeh geus areleh, geus diusiran ku Musa.

¹³ Tapi urang Gesur jeung urang Maaka mah ku urang Israil teh henteu diusir, araya keneh bae di Israil.

¹⁴ Kaom Lewi ku Musa henteu dibagianan tanah. Lantaran geus aya dawuhan PANGERAN ka anjeunna, saur-Na maranehna mah bagianana teh tina altar PANGERAN, Allahna Israil, tina kurban-kurban anu dibeuleum.

¹⁵ Sabagian eta tanah ku Musa geus dimilikkeun ka warga kaom Rubin.

¹⁶ Wewengkonna legana nepi ka Arur (di tungtung Lebak Arnon), jeung kota anu aya di tengah-tengah eta lebak, kaasup oge sakuliah padataran luhur di sakurilingeun Medeba,

¹⁷ tanah Hesbon katut sakabeh kota-kotana anu di tanah padataran di Dibon, Bamot Baal, Bet Baal Meon,

¹⁸ Yahas, Kedemot, Mepaat,

¹⁹ Kiryataim, Sibma, Seret Sahar anu ayana di hiji pasir di eta padataran.

²⁰ Bet Peor, lamping-lamping Gunung Pisga jeung Bet Yesimot.

²¹ Kitu deui nagri-nagri di tanah padataran jeung sakuliah tanah karajaan Emor bawahna Raja Sihon anu kalungguhanana di Hesbon. Eta raja geus dielehkeun ku Musa katut

bupati-bupati Midian bawahanana, nya eta Ewi, Rekem, Sur, Hur jeung Reba. Eta kabehanana kungsi marentah nagri pikeun Raja Sihon.

²² Waktu urang dinya ditumpes, tukang torah anu ngaranna Balhum bin Beor tea oge dipaehan.

²³ Ari wates daerah kaom Rubin, di beulah kulon, nya eta Walungan Yordan. Ieu kota-kota jeung desa-desana kabeh dimilikkeun ka kulawarga-kulawarga kaom Rubin.

²⁴ Tanah anu dijangjikeun ku PANGERAN ka umat Israil teh sabagian ku Musa geus dipaparinkeun oge ka kulawarga-kulawarga kaom Gad jadi milikna.

²⁵ Wewengkonna ngurung tanah Yaser jeung sakabeh kota di tanah Gilad, sabeulah tanah Amon nepi ka Arur di wetaneun Raba.

²⁶ Eta tanah teh mimiti ti semet Hesbon nepi ka Ramat Mispe jeung Betonim, ti Mahanaim nepi ka wates tanah Lodebar.

²⁷ Di Lebak Yordan, ngurung tanah Bet Haram, Bet Nimra, Sukot jeung Sapon, sesa karajaan Sihon, raja Hesbon tea. Di beulah kulon watesna Walungan Yordan, terus ka kaler ka Talaga Galilea.

²⁸ Sakitu kabehna kota-kota jeung desa-desa anu dimilikkeun ka kulawarga-kulawarga kaom Gad. sabagian kaom Menase

²⁹ Sabagian eta tanah anu dijangjikeun ku PANGERAN ku Musa dibikeun ka saparo

kulawarga-kulawarga kaom Menase, dijieu milikna.

³⁰ Wewengkonna ti semet Mahanaim ngurung tanah Basan, karajaan Og, raja Basan tea, kitu deui genep puluh desa anu di daerah Yair di tanah Basan;

³¹ sabeulah tanah Gilad, Astarot jeung Edrei, ibukota karajaan Raja Og di Basan. Ieu bagian jadi milikna anak incu Makir bin Menase anu saparona tea.

³² Kitu ku Musa dibagi-bagina tanah anu pernahna di wetaneun Yeriho peuntaseun Walungan Yordan teh. Dibikeunna basa anjeunna di tanah Moab keneh.

³³ Ari kaom Lewi ku anjeunna henteu dibagianan tanah. Saurna, maranehanana mah bagianana teh tina kurban-kurban, anu dikurbankeun ka PANGERAN, Allahna Israil.

14¹ Anu kaungel ieu nya eta keterangan, kumaha tanah Kanaan kuloneun Walungan Yordan teh dibagi-bagikeunana di antara umat Israil. Ari anu ngabagikeunana nya eta Imam Elasar, Yosua bin Nun, jeung para pamingpin kulawarga-kulawarga di kaom-kaom Israil.

² Saluyu jeung timbalan PANGERAN ka Musa tea, wewengkon tanah kuloneun Yordan dibagikeunana ka anu salapan satengah kaom deui teh ku jalan dilotrekeun. (Peryogi dicatet di dieu yen turunan Yusup dibagi jadi

dua kaom, nya eta kaom Menase sareng kaom Epraim.)

³(14: 3-4) Anu dua kaom jeung kaom anu saparona deui, eta mah ku Musa geus dibagianan tanah anu di wetaneun Yordan. (Kaom anu saparo-saparo teh turunan Yusup, saparo kaom Menase, saparo deui kaom Epraim.) Kaom Lewi ku Musa henteu dibere tanah, ngan ditarere kota bae keur maratuhna, jeung sampalan-sampalan pangangongan.

⁴(14: 3)

⁵Tanah teh dibagi-bagina ku urang Israil sakumaha anu didawuhkeun ku PANGERAN ka Musa tea.

⁶Dina hiji poe, aya sawatara urang kaom Yuda daratang ka Gilgal, nepungan Yosua. Pok anu ngaran Caleb bin Yepune urang Kenas unjukan ka anjeunna, "Bapa langkung uninga, kumaha timbalan PANGERAN ka Musa utusan Allah di Kades Barnea kapungkur, perkawis Bapa sareng abdi tea.

⁷Waktos abdi ku Musa, abdi PANGERAN tea, dipiwarang nalungtik ieu tanah, harita umur abdi opat puluh taun. Hasil panalungtikanana ku abdi diunjukkeun ka anjeunna sabalakana.

⁸Nanging babaturan anu sami-sami ngiring nalungtik malah nyingsieunan ka jalmi-jalmi. Dupi abdi tetep tigin ka PANGERAN, Allah panutan.

⁹Ku margi eta, abdi ku Musa teh dipaparin jangji, yen tanah anu ku abdi parantos katincak teh bade didamel milik abdi saanak incu.

¹⁰Nanging ayeuna kieu buktosna. Ti barang aya pangandika PANGERAN kitu ka Musa dongkap ka kiwari, lamina parantos opat puluh lima taun sami sareng lamina urang Israil apruk-aprukan di gurun keusik. Dugi ka wanci ieu abdi ku PANGERAN dipaparin keneh umur, cocog sakumaha jangji-Na ka abdi. Tingali, umur abdi ayeuna parantos dalapan puluh lima taun,

¹¹nanging jagjag waringkas keneh, teu benten ti kapungkur, waktos ku Musa dipiwarang nalungtik. Kana perang atanapi kana naon bae kiat keneh ngajalankeun.

¹²Ku hal eta, tanah pagunungan anu ku PANGERAN dijangjikeun ka abdi nalika abdi sabatur-batur lapor teh mugi dipasihkeun. Sanggem abdi ka Bapa, eta tanah teh dicicingan ku bangsa Enak, jalmi-jalmina jarangkung gede, kota-kotana dikurilingan ku kuta anu rareugreug. Mugia PANGERAN nyarengan, eta bangsa ku abdi baris diusir kaluar, sakumaha dawuhan PANGERAN."

¹³Kaleb bin Yepune ku Yosua diberkahan, seug dipaparin tanah Hebron.

¹⁴Tanah Hebron tetep jadi milik turunan Kaleb bin Yepune urang Kenas, lantaran ieu

jelema teh tigin anut ka PANGERAN, Allahna Israil.

¹⁵Eta tanah Hebron, ngaran asalna mah Kiryat Arba. (Arba teh jelema urang Enak anu pangagungna.) Eta tanah saterusna jadi kerta, lantaran taya gangguan deui.

15¹Tanah bagian kulawarga-kulawarga kaom Yuda ieu wawatesanana: Daerahna kebat ka tungtung tanah gurun Sin pangkidulna, wates tanah Edom.

²Ieu wates kidul, mimitina ti tungtung kidul Laut Paeh,

³ti Akrabim ngidul ka tanah Sin, terus ka Kades Barnea kidul, ngaliwatan Hesron, terus nanjak ka Adar, mengkol ka Karka,

⁴terus ka Asmon mapay-mapay anak walungan wawatesan Mesir, bras ka Laut Tengah, anggeus. Eta wates tanah Yuda ti beulah kidul, anu oge jadi wates beulah kidul sakumna nagri Israil.

⁵Wates ti wetan nya eta Laut Paeh, mapay jalan nepi ka muara Walungan Yordan. Ari wates kaler, mimitina ti ieu muara

⁶nanjak ka Bet Hogla, terus ngaler mapay tonggong gunung tonggoheun Lebak Yordan. Ti dieu terus nanjak ka Cadas Bohan. (Bohan teh anakna Rubin.)

⁷Ti Lebak Akor (hartina Lebak Sangsara) nanjak ka Debir, mengkol ngaler ka Gilgal lebah anu paeunteung-eunteung jeung tanjakan Adumim, landeuh sisi kidulna.

Terusna ka cinyusu En Semes, kaluar ka En Rogel,

⁸nanjak liwat Lebak Hinom sisi pasir beulah kidul, urut kota Yerusalem, kota urang Yebus. Wates dieu terus nanjak ka puncak pasir kuloneun Lebak Hinom, tungtung kaler Lebak Repaim.

⁹Ti dinya terus ka cinyusu Neptoa, bras ka kota-kota deukeut Gunung Epron. Lebah dinya mengkol ka Baala (anu katelah Kiryat Yarim),

¹⁰tuluy muteran Baala beulah kulon, laju ka kota pagunungan Edom, malipid ka sisi Gunung Yarim (atawa Kesalon) beulah kaler, mudun ka Bet Semes, terus ngaliwatan Timna.

¹¹Ti dinya watesna kaluar ka pasir kalereun Ekron, mengkol ka Sikron, ngaliwatan Gunung Baala, terus ka Yabnel, kebat ka Laut Tengah,

¹²di dieu beak wates kulon. Di jero wewengkon ieu maratuhna kulawarga-kulawarga kaom Yuda teh.

¹³Aya daerah Yuda sabagian anu ku Yosua diselehkeun ka Caleb bin Yepune kaom Yuda, numutkeun timbalan PANGERAN, nya eta tanah Hebron, kota bogana Arba karuhun urang Enak.

¹⁴Turunan Enak, nya eta kaom Sesai, kaom Ahiman jeung kaom Talmai, ku Caleb diusir ti dinya.

¹⁵ Sanggeus ngusir eta, terus ngarurug ka pribumi anu di Debir. Ngaran Debir tadina Kiryat Seper.

¹⁶ Ceuk Kaleb, "Anu bisa ngarebut Kiryat Seper, rek dikawinkeun ka anak Bapa, Nyi Aksa."

¹⁷ Ari anu bisa ngarebutna nya eta anakna Kenas dulur Kaleb keneh, ngaranna Otniel, tuluy dikawinkeun ka Nyi Aksa.

¹⁸ Dina poean nikahna, Nyi Aksa ku Otniel diolo-olo sina menta lahan ka bapana. Nyi Aksa turun tina tonggong kalde, ku Kaleb ditanya kahayangna.

¹⁹ Jawabna, "Hoyong gaduh tanah nu aya sumber caina, da tanah anu ku Bapa dipaparinkeun ti payun mah tanah garing." Ku Kaleb ditedunan, dibere lahan beulah girang jeung beulah hilir anu aya sumber caina.

²⁰ Ieu tanah milik warga-warga kaom Yuda.

²¹ Kota-kota milik maranehna anu di tungtung kidul, anu dareukeut ka wates tanah Edom, nya eta: Kabsel, Eder, Yagur,

²² Kina, Dimona, Adada,

²³ Kedes, Hasor, Yitnan,

²⁴ Sip, Telem, Balot,

²⁵ Hasor Hadata, Keriot Hesron (atawa Hasor),

²⁶ Amam, Sema, Molada,

²⁷ Hasar Gada, Hesmon, Bet Pelet,

²⁸ Hasar Sual, Bersyeba, Bisotia,

²⁹ Baala, Iyim, Esem,

³⁰ Eltolad, Kesil, Horma,

³¹ Siklag, Madmana, Sansana,

³² Lebaot, Silhim, Ain jeung Rimon. Jumlahna dua puluh salapan kota katut desa-desa sakurilingeunana.

³³ Kota-kota anu di suku gunung, nya eta: Estaol, Sora, Asna,

³⁴ Sanoa, En Ganim, Tapua, Enam,

³⁵ Yarmut, Adulam, Soko, Aseka,

³⁶ Saaraaim, Aditaim, Gedera jeung Gederotaim; jumlahna opat belas kota katut desa-desa sakurilingeunana.

³⁷ Oge: Senan, Hadasa, Migdal Gad,

³⁸ Dilan, Mispa, Yoktel,

³⁹ Lakis, Boskat, Eglon,

⁴⁰ Kabon, Lahmam, Kitlis,

⁴¹ Gederot, Bet Dagon, Naama jeung Makeda; jumlahna genep belas kota katut desa-desa sakurilingeunana.

⁴² Oge: Libna, Eter, Asan,

⁴³ Yiptah, Asna, Nesib,

⁴⁴ Kehila, Aksib jeung Maresa; jumlahna salapan kota katut desa-desa sakurilingeunana.

⁴⁵ Ekron katut desa-desa jeung lembur-lemburna,

⁴⁶ jeung sakabeh kota katut desa-desana deukeut Asdod, ti Ekron nepi ka basisir Laut Tengah.

⁴⁷ Asdod jeung Gasa, katut desa-desa jeung lembur-lemburna, kebat tepi ka anak

walungan wates Mesir jeung basisir Laut Tengah.

⁴⁸Kota-kota pagununganana: Samir, Yatir, Soko,

⁴⁹Dana, Kiryat Seper (atawa Debir),

⁵⁰Anab, Estemoa, Anim,

⁵¹Gosen, Holon jeung Gilo; jumlahna sawelas kota katut desa-desa sakurilingeunana.

⁵²Oge: Arab, Duma, Esan,

⁵³Yanim, Bet Tapua, Apeka,

⁵⁴Humta, Hebron jeung Sior; salapan kota katut desa-desa sakurilingeunana.

⁵⁵Oge: Maon, Karmel, Sip, Yuta,

⁵⁶Yisrel, Yokdam, Sanoah,

⁵⁷Kain, Gibea jeung Timna; sapuluh kota katut desa-desa sakurilingeunana.

⁵⁸Oge: Halhul, Bet Sur, Gedor,

⁵⁹Maarat, Bet Anot jeung Eltekon; genep kota katut desa-desa sakurilingeunana.

⁶⁰Oge: Kiryat Baal (atawa Kiryat Yarim) jeung Raba; dua kota katut desa-desa sakurilingeunana.

⁶¹Kota-kota anu di gurun keusik nya eta: Bet Araba, Midin, Sekaka,

⁶²Nibsan, Kota Uyah jeung En Gedi; genep kota katut desa-desa sakurilingeunana.

⁶³Tapi urang Yebus mah anu maratuh di Yerusalem ku urang Yuda henteu bisa disingkahkeun. Nepi ka ayeuna oge urang Yebus mah araraya bae reujeung urang Yuda.

16¹ Tanah anu dibikeun jadi milik turunan Yusup, wates beulah kidul mimiti ti Walungan Yordan deukeut Yeriho, wetaneun sumber-sumber cai kota Yeriho, terus asup ka gurun keusik. Ti Yeriho nanjak ka pagunungan nepi ka Betel.

²Ti Betel maju ka Lus, terus ka daerah Atarot Adar, daerahna urang Arki.

³Terus ngulon ka wewengkon urang Yaplet, nepi ka wewengkon Bet Horon Hilir, terus ka Geser, anggeus di sisi Laut Tengah.

⁴Sakitu tanah anu dimilikkeun ka turunan Yusup, nya eta kulawarga-kulawarga kaom Epraim jeung kulawarga-kulawarga kaom Menase.

⁵Anu kaungel ieu nya eta wates tanah anu diselehkeun ka kulawarga-kulawarga kaom Epraim. Di beulah wetan watesna mimiti ti Atarot Adar nepi ka Bet Horon Girang,

⁶ti dinya kebat ka Laut Tengah. Di kalereunana nya eta Miktat. Di beulah wetanna garis watesna mengkol ka lebah Taanat Silo, terus ngaliwatan eta ti beulah wetanna maju ka Yanoa.

⁷Ti Yanoa eta wates teh mudun ka Atarot jeung Naharat, terus mapay Yeriho nepi ka Walungan Yordan.

⁸Di beulah kulon, wates tanah Epraim mimiti ti Tapua nepi ka anak Walungan Kana, nepi ka Laut Tengah. Eta tanah anu diselehkeun

ka kulawarga-kulawarga kaom Epraim teh,
sangkan jadi milikna,

⁹kaasup sababaraha kota leutik jeung
desa-desa anu aya di jero wilayah kaom
Menase.

¹⁰Tapi urang Kanaan anu maratuh di Geser
ku maranehna henteu disingkahkeun. Nepi
ka kiwari urang Kanaan anu di dinya mah
harirupna teh campur jeung urang Epraim,
tapi disina garawe paksa kawas abid.

17 ¹Tanah anu di kuloneun Walungan
Yordan aya sabagian anu dibikeun ka
sababaraha kulawarga turunan Menase, anak
Yusup anu cikal. Makir, bapana Gilad, anak
Menase anu cikal. Ku lantaran manehna teh
pahlawan, nya tanah Gilad jeung Basan anu
pernahna di wetaneun Walungan Yordan teh
dibikeun ka manehna.

²Ari tanah kuloneun Yordan dibikeun ka
kulawarga-kulawarga kaom Menase lianna,
nya eta turunan Abieser, turunan Helek,
turunan Asriel, turunan Sekem, turunan
Heper jeung turunan Semida. Eta kabeh
turunan Menase bin Yusup anu lalaki, kabeh
jaradi kapala warga.

³Demi Selopehad bin Heper, bin Gilad bin
Makir bin Menase, henteu boga anak lalaki,
ngan anak awewe bae, ngaran-ngaranna:
Mahla, Noa, Hogla, Milka jeung Tirsa.

⁴Ieu nu limaan arunjukan ka Imam Elasar,
ka Yosua putra Nun, jeung ka kapala-kapala,

pokna, "Kapungkur aya timbalan PANGERAN ka Musa, timbalana-Na abdi oge kedah kenging bagian ti ieu tanah, sapertos dulur-dulur anu lalaki." Tuluy maranehna oge dibagianan tanah di tengah dulur-dulurna anu lalaki, sakumaha dawuhan PANGERAN.

⁵Ku hal eta, kaom Menase mah jaba ti tanah Gilad wetaneun Yordan jeung Basan teh narima deui sapuluh luwuk,

⁶dumeh turunan anu awewe tea oge mareunang bagian cara dulur-dulurna anu lalaki, da ari tanah Gilad mah geus kapiboga ku turunan Menase nu lianna.

⁷Wawatesan tanah kaom Menase, ti Aser kebat ka Mikmeta wetaneun Sekem. Ti dinya tuluy ngidul ka wewengkon urang En Tapua.

⁸Tanah sakurilingeun Tapua jadi milikna kaom Menase, tapi ari Tapua mah jadi milikna kaom Epraim.

⁹Ti lebah dinya watesna mudun ka lebah anak Walungan Kana. Kota-kota kiduleun eta walungan milikna kaom Epraim, najan ayana di wewengkon kaom Menase. Ari wates wewengkon kaom Menase mapay-mapay jalan kalereun eta anak walungan, anggeusna di sisi Laut Tengah.

¹⁰Beulah kidul jadi wewengkon kaom Epraim, beulah kaler jadi wewengkon kaom Menase, di beulah kulon watesna Laut Tengah. Beulah kaler kulon bogana kaom

Aser, beulah kaler wetan bogana kaom Isaskar.

¹¹ Di jero wewengkon kaom Isaskar jeung kaom Aser, aya luwukan tanah bogana kaom Menase, nya eta wewengkon Bet San jeung Yiblam katut desa-desa sakuriling eta nya eta: Dor (kota sisi basisir), En Dor, Taanak, Megido jeung desa-desa sakurilingeunana.

¹² Tapi kaom Menase teu kuateun ngusir urang Kanaan anu maratuh di kota-kota eta. Jadi urang Kanaan mah terus maratuhna di dinya.

¹³ Malah sanggeus urang Israil jadi kuat oge eta urang Kanaan teh henteu kabeh diusir, tapi ngan dipaksa digawekeun pikeun urang Israil.

¹⁴ Geus kitu turunan Yusup arunjukan kieu ka Yosua, "Bapa, ku naon masihan tanah teh mung saluwuk? Padahal golongan abdi teh sakieu seueurna, berkah hibaring PANGERAN."

¹⁵ Yosua ngawaler, "Ari kitu mah, dumeh maraneh sakitu lobana nepi ka teu cukup ku dibere tanah anu di pagunungan Epraim, bukbak bae leuweung anu di wewengkon urang Pares jeung urang Repaim, kop eta ajang maraneh."

¹⁶ Maranehanana ngajawab, "Eta tanah pagunungan anu mung sakitu kirang keneh. Katambah-tambah urang Kanaan teh boh nu di Bet San sareng di desa-desa

sakurilingeunana, boh anu di Lebak Yisrel, garaduh kareta perang tina beusi."

¹⁷ Waler Yosua ka kaom Epraim jeung kaom Menase, "Enya maraneh teh sakitu lobana tur sakitu kuatna. Pantes lamun boga tanah leuwih ti saluwuk.

¹⁸ Kop eta tanah pagunungan teh kabeh jang maraneh. Leuweung keneh mah bukbak bae. Sanajan eta urang Kanaan teh kuat tur baroga kareta perang tina beusi, mo burung bisa causir ku maraneh."

18 ¹Sanggeus nalukkeun tanah anu dijangjikeun ku PANGERAN tea, sakabeh urang Israil kumpul di Silo, tuluy masangkeun Kemah Tepangan PANGERAN.

²Aya keneh tujuh kaom Israil anu can dibagianan tanah.

³Ku sabab eta kieu saur Yosua ka urang Israil, "Rek nepi ka iraha maraneh nunggu teh, lain geura cokot eta tanah maraneh anu geus dipaparinkeun ku PANGERAN, Allah karuhun maraneh teh!

⁴Ayeuna Bapa menta jelema ti saban kaom tilu urang. Ku Bapa rek dititah ka ditu, sina mariksa eta tanah sakurilingna, nyatet-nyatetkeun wewengkon pimiliikeunana. Mun geus anggeus, ka darieu deui ka Bapa.

⁵Eta tanah ku Bapa rek dibagi tujuh. Kaom Yuda tetep ngenggonan wewengkon beulah kidul, kaom Yusup tetep ngenggonan wewengkon beulah kaler.

⁶Jieun gambarna eta tanah anu dibagi tujuh teh, ka Bapakeun. Engke ku Bapa dilotrekeun keur maraneh, nurutkeun pituduh PANGERAN Allah urang.

⁷Ngan ari kaom Lewi mah moal dibere bagian ti dinya, lantaran bagian maranehna mah kapan ngawulaan PANGERAN, jaradi imam. Kitu deui kaom Gad, kaom Rubin jeung kaom Menase anu saparo, eta mah geus baroga di wetaneun Walungan Yordan, paparin ti Musa abdi PANGERAN tea."

⁸Bral anu dipiwarang teh arindit rek nyatet-nyatetkeun tanah tea, mawa parentah Yosua anu ungelna, "Pariksa sakuliahna eta tanah, wawatesanana gambar, tuluy ka Bapa deui. Engke di dieu, di Silo, ku Bapa dibagi-bagi keur maraneh, urang naros heula ka PANGERAN ku jalan dilotre."

⁹Seug eta tanah teh ku maranehna dipariksa sakuliahna, dipecah dijieu tujuh bagian, terus dicatet-catetkeun, kota-kotana didaptarkeun. Geus beres kabeh tuluy baralik deui ka Yosua di pakemahan di Silo.

¹⁰Prak ku Yosua dilotre, pikeun nganyahokeun pituduh PANGERAN. Geus kitu kaom-kaom Israil anu can mareunang tanah teh dibere bagian masing-masing.

¹¹Bagian pikeun warga kaom Binyamin, kalotre pangheulana. Perenah tanahna antara wewengkon kaom Yuda jeung wewengkon kaom Yusup.

¹² Wawatesanana, beulah kaler mimiti ti Yordan, terus nanjak ka lamping gunung kalereun Yeriho, tuluy mipir pasir ka kulon nepi ka gurun keusik Bet Awen.

¹³ Ti dinya watesna terus ka lamping gunung gigireun Lus beulah kidul (anu katelah Betel), mudun ka Atarot Adar di gunung kiduleun Bet Horon Hilir.

¹⁴ Ti lebah dinya, mengkol ka kidul mimiti ti pipir eta gunung sisi kulon, terus ka Kiryat Baal (atawa Kiryat Yarim) wewengkon Yuda. Eta watesna beulah kulon.

¹⁵ Wates beulah kidul mimiti ti tungtung Kiryat Yarim terus ka sumber-sumber cai di Neptoa.

¹⁶ Ti dinya mudun ka suku gunung anu paeunteung-eunteung jeung tonggoheun Lebak Hinom di tungtung kulon Lebak Repaim. Ti dinya garis watesna teh ka kidul ngaliwatan Lebak Hinom kiduleun lamping-lamping gunung di tanah Yebus, terus nuju ka En Rogel.

¹⁷ Tuluy mengkol ka kaler ka En Semes, ti dinya tuluy ka Gelilot anu paeunteung-eunteung jeung Adumim. Ti dinya watesna mudun ka Cadas Bohan (Bohan teh anakna Rubin.),

¹⁸ terus ngaliwatan lamping gunung anu paeunteung-eunteung jeung Lebak Yordan. Ti dinya mudun ka eta lebak,

¹⁹ terus ngaliwatan lamping gunung Bet Hogla sisi kaler, eureun-eureun di Laut Paeh, di teluk beulah kaler, tempat ngamuarana Walungan Yordan. Eta wates beulah kidul.

²⁰ Ari wates beulah wetan nya Walungan Yordan. Sakitu wawatesanana wewengkon tanah milik kulawarga-kulawarga kaom Binyamin.

²¹ Ari kota-kota anu kapimilik ku kaom Binyamin nya eta: Yeriho, Bet Hogla, Emek Kesis,

²² Bet Araba, Semaraim, Betel,

²³ Awim, Parah, Opra,

²⁴ Keparamoni, Opni jeung Geba; dua belas kota katut desa-desa sakurilingeunana.

²⁵ Jaba ti eta: Gibon, Ramah, Berot,

²⁶ Mispa, Kapira, Mosa,

²⁷ Rekem, Irpel, Tarala,

²⁸ Sela, Haelep, Yebus (atawa Yerusalem), Gibea jeung Kiryat Yarim; opat belas kota katut desa-desa sakurilingeunana. Sakitu tanah milikna kulawarga-kulawarga kaom Binyamin.

19¹ Bagian kadua lotrena ragrag ka warga kaom Simeon. Daerahna nyorok ka wewengkon kaom Yuda.

² Kota-kotana: Bersyeba, Syeba, Molada,

³ Hasar Sual, Bala, Esem,

⁴ Eltolad, Betul, Horma,

⁵ Siklag, Bet Markabot, Hasar Susa,

⁶Bet Lebaot jeung Saruhen. Tilu belas kota katut desa-desa sakurilingeunana.

⁷Ain, Rimon, Eter jeung Asan, opat kota katut desa-desa sakurilingeunana,

⁸kaasup sakabeh desa-desa eta nepi ka Baalat Bir kidul (atawa Ramah). Eta tanah milik anu dibikeun ka kaom Simeon.

⁹Ku lantaran wewengkon tanah Yuda legana leuwih ti cukup, seug wewengkon nu leuwih teh dibikeun ka kaom Simeon.

¹⁰Bagian katilu lotrena ragrag ka kaom Sebulun. Wewengkonna nepi ka Sarid.

¹¹Ti dinya watesna maju ka kulon ka Marela, notog ka Dabeset jeung ka anak walungan wetaneun Yoknam.

¹²Ti beulah wetan mimiti ti Sarid terus maju nepi ka wates Kislot Tabor, jol ka Daberat, nanjak ka Yapia.

¹³Ti dinya ngetan keneh ka Gat Heper jeung Et Kasin, mengkol ka Nea di jalan anu kebat ka Rimon.

¹⁴Beulah kaler watesna mengkol nguriling ka Hanaton, anggeus di Lebak Yiptah El.

¹⁵Kaasup oge Katat, Nahalal, Simron, Idala jeung Betlehem. Dua belas kota katut desa-desa sakurilingeunana.

¹⁶Sakitu kota-kota katut desa-desana anu jadi milikna kulawarga-kulawarga kaom Sebulun.

¹⁷Bagian kaopat lotrena ragrag ka kulawarga-kulawarga kaom Isaskar.

¹⁸Daerah-daerahna: Yisrel, Kasulot, Sunem,

¹⁹Haparaim, Sion, Anaharat,

²⁰Rabit, Kision, Ebés,

²¹Remet, En Ganim, En Hada jeung Bet Pases.

²²Watesna aya oge anu notog ka Tabor, Sahasima jeung Bet Semes, anggeusna di Yordan. Kota-kota anu kaasup ka dinya aya genep belas, katut desa-desa sakurilingeunana.

²³Sakitu kabehna kota-kota katut desa-desana anu jadi milikna kulawarga-kulawarga kaom Isaskar.

²⁴Bagian kalima lotrena ragrag ka kulawarga-kulawarga kaom Aser.

²⁵Bagianana: Helkat, Hali, Beten, Aksap,

²⁶Alamelek, Amad jeung Misal. Beulah kulon notog ka Gunung Karmel jeung Sihor Libnat.

²⁷Ti dinya malik ngetan terus ka Bet Dagon, notog ka Sebulun jeung Lebak Yiptah El di jalan anu kebat ka kaler ka Bet Emek jeung Nehiel. Ngaler keneh ka Kabul,

²⁸Ebron, Rehob, Hamon jeung Kana nepi ka Sidon.

²⁹Ti dinya watesna malik ka Ramah, nepi ka Tirus, hiji kota anu di benteng; ti dinya mengkol ka Hosa, anggeus di Laut Tengah. Kota-kota anu kaasup ka dinya: Mahalab, Aksib,

³⁰Uma, Apek jeung Rehob. Dua puluh dua kota katut desa-desa sakurilingeunana.

³¹ Sakitu kota-kota katut desa-desa di wewengkon milikna kulawarga-kulawarga kaom Aser.

³² Bagian kagenep lotrena ragrag ka kulawarga-kulawarga kaom Naptali.

³³ Wates-watesna mimiti ti Helep, ti lebah hiji tangkal kiara di Saananim, terus ka Adami Nekeb, terus ka Yabnel nepi ka Lakum, anggeus di Yordan.

³⁴ Ti dinya watesna mengkol ngulon ka Asnot Tabor, ti dinya ka Hukok, notog ka wewengkon Sebulun sisi kidul, beulah kulonna notog ka wewengkon Aser, ari ti beulah wetanna Yordan.

³⁵ Kota-kota bentengna: Sidim, Ser, Hamat, Rakat, Kineret,

³⁶ Adama, Ramah, Hasor,

³⁷ Kedes, Edrei, En Hasor,

³⁸ Iron, Migdal El, Horem, Bet Anat jeung Bet Semes. Salapan belas kota katut desa-desa sakurilingeunana.

³⁹ Sakitu kota-kota katut desa-desana anu aya di wewengkon tanah milik kulawarga-kulawarga kaom Naptali.

⁴⁰ Bagian katujuh lotrena ragrag ka kulawarga-kulawarga kaom Dan.

⁴¹ Daerahna ngurung Sora, Estaol, Ir Semes,

⁴² Saalabin, Ayalon, Itla,

⁴³ Elon, Timna, Ekron,

⁴⁴ Elteke, Gibeton, Baalat,

⁴⁵ Yehud, Bene Barak, Gat Rimon,

⁴⁶ Me Yarkon jeung Rakon katut wewengkon sakurilingeun Yopa.

⁴⁷ Basa urang Dan kauculan wewengkon, seug merangan Lesem, tuluy direbut, jelema-jelemana ditumpes, tanahna diaku milik. Seug diandih, sarta ngaran Lesem diganti ku ngaran karuhunna, jadi Dan.

⁴⁸ Sakitu kota-kota jeung desa-desa sakurilingeunana di wewengkon tanah milik kulawarga-kulawarga kaom Dan.

⁴⁹ Sabada beres babagi tanah, Yosua putra Nun ku urang Israil dibere tanah akuan.

⁵⁰ Tanah anu diakukeun ka anjeunna cocog jeung pamundutna, tur luyu jeung timbalan PANGERAN, nya eta Timnat Serah di pagunungan Epraim. Seug kotana ku anjeunna diadegkeun deui, sarta anjeunna calik di dinya.

⁵¹ Tanah teh dibagikeunana ku Imam Elasar, Yosua putra Nun, jeung para kapala warga kaom-kaom Israil. Aranjeunna neda pituduh heula ti PANGERAN ku jalan ngalung lotre di hareupeun lawang Kemah PANGERAN. Kitu dibereskeunana ku aranjeunna urusan ngabagina teh, di Silo.

20¹ Geus kitu PANGERAN ngandika ka Yosua,

² miwarang nyaurkeun kieu ka urang Israil, "Geura tangtukeun kota-kota suaka. Hal ieu bareto geus ditepikeun ka maraneh, ku perantaraan Musa.

³Tiap-tiap jelema nu maehan teu karana niat tadina, meunang nyungkir ka dinya, nyungkahan anu arek males pati.

⁴Pek kabur ka salah sahijina, tepungan mahkamah pangadilanana di lawang kota, perkarana pupulihkeun. Ku maranehna baris diwidian asup ka jero kota, jeung dibere pangcicingan geusan nyungkir di dinya.

⁵Upama disusul ku nu arek males pati ulah dipasrahkeun. Kudu dibela, lantaran maehan soteh teu kahaja, lain ku sabab amarah.

⁶Nyungkirna di eta kota nepi ka perkarana diuruskeun ku pangadilan di dinya, jeung nepi ka Imam Agung anu jeneng harita di dinya tilar dunya. Geus kitu kakara meunang mulang ka lemburna, anu bareto ditinggalkeun kabur."

⁷Seug kota-kotana ditangtukeun. Anu di kuloneun Yordan nya eta: Kedes di Galilea, di pagunungan wewengkon kaom Naptali; Sekem, di pagunungan wewengkon kaom Epraim; jeung Hebron, di pagunungan wewengkon kaom Yuda.

⁸Anu di wetaneun Yordan nya eta: Beser, di wewengkon kaom Rubin, di padataran luhur gurun keusik wetaneun Yeriho; Ramot di Gilad, di wewengkon kaom Gad; jeung Golan di Basan, di wewengkon kaom Menase.

⁹Kota-kota eta kapilih pikeun jadi kota suaka, boh keur urang Israil boh keur urang piluaran anu marukim di urang Israil.

Satiap jelema anu maehan teu karana diniatan tadina, meunang nyungkir ka dinya, nyungkahan anu arek males pati. Teu meunang dipaehan, nunggu dipariksa heula ku pangadilan.

21 ¹Geus kitu para kapala kulawarga-kulawarga kaom Lewi nepungan Imam Elasar, Yosua putra Nun jeung para kapala kaom Israil.

²Seug arunjukan kieu ka aranjeunna, di Silo, di tanah Kanaan, "Kapungkur aya timbalan PANGERAN ka Musa, yen sim kuring kedah dipaparin kota-kota pamukiman, kitu deui sampalan-sampalan keur ingon-ingon."

³Seug sakumaha timbalan PANGERAN, kaom Lewi teh ku urang Israil dibere kota-kota jeung sampalan-sampalan ti wewengkon milikna masing-masing.

⁴Kulawarga-kulawarga kaom Lewi golongan Kahat meunang lotrena pangheulana. Ari kulawarga-kulawarga turunan Imam Harun, meunang tilu belas kota di wewengkon-wewengkon Yuda, Simeon jeung Binyamin.

⁵Golongan Kahat anu lianna meunang sapuluh kota ti wewengkon-wewengkon Epraim, Dan jeung Menase anu ti tebeh kulon.

⁶Golongan Gerson meunang tilu belas kota ti wewengkon-wewengkon Isaskar, Aser, Naptali jeung ti wewengkon Menase anu di wetaneun Walungan Yordan.

⁷ Kulawarga-kulawarga golongan Merari meunang dua belas kota ti wewengkon-wewengkon Rubin, Gad jeung Sebulun.

⁸ Ku jalan lotre, eta kota-kota kitu deui sampalan-sampalanana ku urang Israil diserenkeun ka kaom Lewi, sakumaha timbalan PANGERAN ka Musa.

⁹ Kota-kota ti wewengkon-wewengkon Yuda jeung Simeon, anu ngaran-ngaranna engke baris disebutan, diserenkeunana ka

¹⁰ turunan Harun golongan Kahat anu kaasup turunan Lewi. Lotrena kaluar pangheulana.

¹¹ Maranehanana meunang kota Arba (Arba teh karuhun bangsa Enak), anu terusna disebut Hebron, di pagunungan wewengkon Yuda, katut sampalan-sampalan sakurilingna.

¹² Tapi ari tegal-tegal jeung desa-desana mah geus kapimilik ku Caleb bin Yepune.

¹³ Kajaba ti Hebron (salah sahiji kota suaka), kota-kota anu lotrena ragrag ka turunan Imam Harun teh nya eta: Libna,

¹⁴ Yatir, Estemoa,

¹⁵ Holon, Debir,

¹⁶ Ain, Yuta jeung Bet Semes, katut sampalan-sampalanana; salapan kota ti kaom Yuda jeung Simeon.

¹⁷ Ti wewengkon kaom Binyamin meunang opat kota, nya eta: Gibon, Geba,

¹⁸ Anatot jeung Almon, katut sampalan-sampalanana.

¹⁹Kota-kota anu diserenkeun ka turunan Imam Harun teh kabehna tilu belas, katut sampalan-sampalanana.

²⁰Kulawarga-kulawarga Lewi golongan Kahat anu lianna, tina lotrena meunang kota-kota ti wewengkon Epraim.

²¹Ti dieu meunang opat kota, nya eta: Sekem (salah sahiji kota suaka) katut sampalan-sampalanana di pagunungan Epraim, Geser,

²²Kibsaim jeung Bet Horon, katut sampalan-sampalanana.

²³Ti wewengkon Dan meunang opat kota, nya eta: Elteke, Gibeton,

²⁴Ayalon jeung Gat Rimon, katut sampalan-sampalanana.

²⁵Ti wewengkon Menase kulon meunang dua kota, nya eta: Taanak jeung Gat Rimon, katut sampalan-sampalanana.

²⁶Kabehna anu katarima ku kulawarga-kulawarga golongan Kahat teh sapuluh kota, katut sampalan-sampalanana.

²⁷Sabagian deui kulawarga-kulawarga Lewi ti golongan Gerson, meunang dua kota ti wewengkon Menase anu beulah wetan, nya eta: Golan di Basan (salah sahiji kota suaka) jeung Bestera, katut sampalan-sampalanana.

²⁸Ti wewengkon Isaskar meunang opat kota, nya eta: Kision, Daberat,

²⁹Yarmut jeung En Ganim, katut sampalan-sampalanana.

³⁰Ti wewengkon Aser meunang opat kota,
nya eta: Misal, Abdon,

³¹Helkat jeung Rehob, katut sampalan-
sampalanana.

³²Ti wewengkon Naptali meunang tilu
kota, nya eta: Kedes di Galilea (salah
sahiji kota suaka), katut sampalan-
sampalanana, Hamot Dor jeung Kartan, katut
sampalan-sampalanana.

³³Eta rupa-rupa kulawarga kaom Gerson
teh kabehna narima tilu belas kota, katut
sampalan-sampalanana.

³⁴Urang Lewi anu sesana, nya eta golongan
Merari, ti wewengkon Sebulun meunang opat
kota, nya eta: Yoknam, Karta,

³⁵Dimna jeung Nahalal, katut sampalan-
sampalanana.

³⁶Ti wewengkon Rubin meunang opat kota,
nya eta: Beser, Yahas,

³⁷Kedemot jeung Mepaat, katut sampalan-
sampalanana.

³⁸Ti kaom Gad meunang opat kota, nya
eta: Ramot di Gilad (salah sahiji kota suaka),
katut sampalan-sampalanana, Mahanaim,

³⁹Hesbon jeung Yaser, katut sampalan-
sampalanana.

⁴⁰Golongan Merari kabehna meunang dua
belas kota.

⁴¹(21: 41-42) Kota-kota milik urang Israil
anu diserenkeun ka urang Lewi, kabehna opat
puluh dalapan, katut sampalan-sampalanana.

⁴²(21: 41)

⁴³Eta tanah sakuliahna ku PANGERAN geus dipaparinkeun ka urang Israil. Laksana sakumaha jangji Mantenna kalayan sumpah ka karuhun-karuhun maranehanana. Ku maranehanana geus kapimilik, geus diarenggonan.

⁴⁴Sakuliah wewengkonna ku PANGERAN dikertakeun, sakumaha jangji Mantenna ka karuhun-karuhun maranehna. Taya pisan musuh anu bisa tagen, kawantu urang Israil teh dikersakeun unggul bae ku PANGERAN.

⁴⁵Tiap jangji PANGERAN ka urang Israil, ku Mantenna dibuktoskeun.

22¹ Geus kitu Yosua ngempelkeun kaom Rubin, kaom Gad jeung kaom Menase wetan.

²Pok sasauran, "Maraneh geus ngalaksanakeun sagala rupa anu geus diparentahkeun ku Musa abdi PANGERAN, sarta tigin kana parentah-parentah Bapa.

³Nepi ka wanci ieu, acan kungsi maraneh nyabodokeun ka sasama urang Israil. Titi sarta ati-ati ngajalankeun pangandika-pangandika PANGERAN Allah maraneh.

⁴Ayeuna, sasama maraneh urang Israil geus aman kerta, sakumaha nu dijangjikeun ku PANGERAN Allah maraneh. Seug ayeuna mah geura marulang ka lembur, ka tanah milik pribadi, pusaka ti Musa abdi PANGERAN, di wetaneun Yordan.

⁵Kudu jangji sajeroning ati, yen seja ngalakonan parentah jeung hukum anu diparentahkeun ka maraneh ku Musa, nya eta: Seja nyaah ka PANGERAN, pangersa-Na lampahkeun, timbalan-timbalana-Na turutkeun, sing tigin, sing bakti ka Mantenna kalawan saiklas-iklasna."

⁶(22: 6-8) Ti dinya maranehna ku Yosua dijurung marulang, dipaparin restu, kalawan pesen kieu, "Maraneh ayeuna geus baleunghar, baralik teh mawa ingon-ingon loba, perak, emas, tambaga, beusi, kitu deui papakean. Eta beubeunangan ngajarah ti musuh teh bagikeun oge ka nu sejen anu sakaom keneh jeung maraneh." Ti dinya tuluy budal, rek baralik. Eta kaom Menase, anu satengahna ku Musa geus dipaparin tanah di wetaneun Yordan, tapi nu satengahna deui mah meunangna tanah teh ti Yosua, nya eta di kuloneun Yordan, bareng jeung kaom-kaom sejenna.

⁷(22: 6)

⁸(22: 6)

⁹Kaom Rubin, kaom Gad jeung kaom Menase wetan geus marulang, ninggalkeun dulur-dulurna di Silo, tanah Kanaan, ngajugjug tanah pamatuhan sorangan di tanah Gilad, tanah beunangna ngarebut sakumaha timbalan PANGERAN ka Musa.

¹⁰Sanggeus kaom-kaom Rubin, Gad jeung Menase wetan carunduk ka Gelilot,

di wewengkon Yordan kulon keneh, tuluy ngadegkeun hiji altar di sisi walungan, rohaka pisan.

¹¹ Seug aya anu ngabejakeun ka urang Israil sejenna, pokna, "Geuning jelema-jelema kaom Rubin, Gad jeung Menase wetan teh nyieun altar di sisi Walungan Yordan daerah urang keneh!"

¹² Barang meunang beja kitu, kabeh urang Israil kumpul di Silo, niatna arek indit merangan ka kaom-kaom wetan.

¹³ Seug eta urang Israil teh ngutus Pinehas, putra Imam Elasar, ka tanah Gilad, nemonan kaom Rubin, Gad jeung Menase wetan.

¹⁴ Pinehas dibarengan ku sapuluh pamingpin beunang milih ti saban kaom kulon saurang-saurang, masing-masing jadi kapala warga kaomna.

¹⁵ Sanggeus jonghok jeung urang Rubin, urang Gad jeung urang Menase wetan, di Gilad,

¹⁶ pok ngomong kalawan asmana umat PANGERAN kabeh, "Ku naon aranjeun nyieun peta doraka kitu ka Allahna Israil? Aranjeun ngalawan ka PANGERAN, nyieun eta altar sangkan kamashur! Aranjeun geus teu anut ka Mantenna.

¹⁷ Na teu inget kana dosa urang basa di Peor, nepi ka disiksa ku PANGERAN, didatangan wabah panyakit, padahal urang teh umat-Na?

Balukarna nepi ka ayeuna ku urang karasa keneh. Naha tacan cukup ku sakitu?

¹⁸Jadi ayeuna geus mimiti rek nyalingkir ti Mantenna? Upama aranjeun ayeuna poe ieu ngalawan ka PANGERAN, isukan Mantenna moal teu bendu ka tiap jelema di Israil.

¹⁹Bisi bae ceuk pangrasa aranjeun tanah aranjeun teu pantes dipake ngajalankeun ibadah, atuh pek pararindah ka tanah kagungan PANGERAN, tempat Kemah Mantenna. Menta bae tanah mah ti nu kuring sarerea. Dapon ulah ngalawan ka PANGERAN, atawa nangtang ka kuring sarerea ku nyieun eta altar dipake nandingan altar PANGERAN Allah urang.

²⁰Sing inget ka Akan bin Serah, anu teu tolih kana cegahan perkara barang haram anu kudu dimusnakeun tea. Geuning nu dihukumna mah sakumna urang Israil. Anu tiwas ku dosa Akan lain manehna saurang bae."

²¹Ngajawab urang kaom Rubin, Gad jeung Menase wetan ka eta para kapala warga kaom-kaom urang kulon, pokna,

²²"Aning Allah nyalira Nu Maha Kawasa! Mantenna anu jumeneng PANGERAN! Mantenna langkung uninga, naon ieu maksud kuring teh. Muga-muga aranjeun ge terang! Lamun enya kuring ngalawan ka PANGERAN, jeung teu taat ka Mantenna, sing ulah dipanjangkeun umur!"

²³ Lamun enya kuring baha ka PANGERAN, nyieun altar sorangan keur paranti meuleum kurban, atawa keur nyuguhkeun sasajen, atawa keur ngajalankeun kurban panarima, muga dihukum ku PANGERAN ku manten.

²⁴ Lain, lain pikeun kitu! Nyieun altar soteh keur ngajaga, bisi diahir turunan kuring ditanya kieu ku turunan aranjeun, Naon patalina aranjeun jeung PANGERAN Allahna Israil?

²⁵ Antara kuring jeung aranjeun urang Rubin jeung urang Gad, ku Mantenna dipisahkeun, diwatesan ku Walungan Yordan. Jadi aranjeun mah taya patalina jeung PANGERAN! Seug bae meureun anak incu kuring teu meunang ngabakti ka PANGERAN.

²⁶ Kitu sualna nu matak nyieun eta altar teh. Lain keur paranti meuleum kurban, lain keur paranti nyuguhkeun sasajen,

²⁷ tapi keur geusan tanda ka pihak aranjeun jeung ka pihak kuring, jeung ka turunan-turunan urang engke, yen pihak kuring oge sarua ngabakti ka PANGERAN di payuneun Kemah-Na nu suci, sarta sok ngahaturkeun kurban, boh nu dibeuleum boh nu dipeuncit kitu deui kurban panarima. Jadi eta teh keur ngajaga, sangkan anak incu aranjeun ulah nepi ka nyebutkeun anak incu kuring taya patalina jeung PANGERAN.

²⁸ Ceuk pikiran teh, bisi bae hal sarupa kitu nepi ka kajadian, anak incu kuring bisa

nembalan kieu, Tenjo tuh altar beunang ngadegkeun karuhun kuring, kapan sarua jeung altar PANGERAN. Ngan eta mah lain keur paranti meuleum atawa meuncit kurban, tapi keur geusan tanda ka pihak aranjeun jeung ka pihak kuring.

²⁹Paliyas teuing kuring nyieun eta altar teh kalawan niat ngalawan atawa mungkir ti PANGERAN, atawa meuleum atawa meuncit kurban, atawa nyuguhkeun sasajen di dinya. Moal teh teuing kuring nyieun altar tandingan altar PANGERAN Allah urang anu nagen di payuneun Kemah Mantenna."

³⁰Imam Pinehas, kitu deui sapuluh pamingpin anu jaradi kapala warga kaom-kaom kulon anu harita ngabarengan, ngarasa sugema ku eta jawaban kaom Rubin, Gad jeung Menase wetan kitu.

³¹Imam Pinehas putra Imam Elasar sasauran, "Tah ari kitu mah enya urang teh disarengan ku PANGERAN. Aranjeun henteu baha ka PANGERAN. Eta sarua jeung aranjeun teh geus ngajait sabangsa Israil, moal tulus dihukum ku PANGERAN."

³²Geus kitu Pinehas jeung sapuluh pamingpin teh malungkur ti Gilad, ti kaom Rubin, Gad jeung Menase wetan, marulang ka Kanaan, ka urang Israil, tuluy laporan.

³³Urang Israil sugema, seug maruji ka Allah. Geus teu nyebut-nyebut deui arek perang

ngagempur tanah padumukan kaom Rubin jeung Gad.

³⁴ Ari ceuk kaom Rubin jeung Gad, "Ieu altar jadi saksi urang kabeh, yen PANGERAN teh Allah." Ku sabab eta seug altar teh dingaranan "Saksi".

23¹ Lawas ti lawas, ti barang Israil ku PANGERAN dikertakeun tur aman ti musuh-musuh sakurilingna, Yosua geus kacida sepuhna.

² Seug anjeunna ngempelkeun sabangsa Israil, para kokolot, para pamingpin, para hakim, para pamanggul jurit. Anjeunna sasauran, kieu, "Bapa teh geus sakieu kolotna.

³ Sagala rupa anu dipidamel ku PANGERAN Allah maraneh ka bangsa-bangsa di ieu tanah keur kabajaan maraneh, ku maraneh geus kasaksian. PANGERAN Allah maraneh geus tandang mangmerangankeun.

⁴ Tanah-tanah bangsa urang dieu anu acan beunang, ku Bapa geus dibagi-bagikeun ka kaom-kaom maraneh, nya eta tanah anu ku Bapa geus karebut, ti semet Walungan Yordan di beulah wetan, nepi ka Laut Tengah di beulah kulon.

⁵ Ana maraneh geus maju, eta bangsa-bangsa teh tangtu disina ngarejat ku PANGERAN Allah maraneh, dibuburak, sangkan tanahna bisa kacangking ku maraneh, sakumaha jangji PANGERAN.

⁶Ku sabab eta masing hade-hade sumujud ka Mantenna, jeung lakonan sagala rupa anu kaungel dina kitab Hukum Musa, poma ulah aya nu kaluli-luli.

⁷Ku jalan kitu maraneh moal campur jeung bangsa batur anu araya keneh di maraneh, atawa ngucapkeun ngaran dewa-dewana, atawa sumpah nyebut ngaran eta dewa-dewa, moal ngabakti atawa sujud ka eta dewa-dewa.

⁸Anggur sing ajeg ka PANGERAN sakumaha kalakuan maraneh sabiasa sasari nepi ka wanci ieu.

⁹PANGERAN teh geus ngusir bangsa-bangsa anu nya gede nya kuat ana maraneh indit jurit, sahiji ge taya lawan anu tagen nyanghareupan maraneh.

¹⁰Tiap saurang ti maraneh, sanggup nundung musuh sarebu, sabab PANGERAN Allah maraneh anu tandang mangmerangankeun, ngabuktoskeun jangji-Na.

¹¹Jadi masing hade-hade enggoning nyaah ka PANGERAN Allah maraneh teh.

¹²Upama maraneh nepi ka ngolembar tuluy cacampuran jeung bangsa-bangsa lian anu araya keneh di urang, atawa pacorok jodo,

¹³rasakeun, ana maraneh maju perang, PANGERAN moal kersaeun deui mangusirkeun maranehanana. Kalah ka itu teh jadi hiji bahaya, lir pitapak atawa cubluk tataheunan, lir pecut anu ngajelebet kana tonggong, lir

cucuk anu nanceb dina siki panon. Baris kituna teh nepi ka maraneh geus taya nu nyesa deui di ieu tanah anu sakieu hadena, paparin ti PANGERAN Allah maraneh.

¹⁴Ayeuna Bapa teh geus nepi kana waktu ajal. Satiap maraneh, tangtu ngarasa dina ati sanubari, yen geus dipaparin sagala rupa anu nyenangkeun hate ku PANGERAN Allah maraneh, bukti sakumaha jangji-Na. Mantenna tigin kana sagala jangji-Na, taya hiji jangji-Na anu jalir.

¹⁵Tapi deuih, sakumaha Mantenna tigin kana sagala jangji-Na ka maraneh, oge moal sungkan-sungkan ngalaksanakeun sagala ancaman.

¹⁶Saupama maraneh udar tina ikrar anu ku PANGERAN Allah maraneh dipiwarang ditiginan, jeung upama maraneh nepi ka nyembah ngabakti ka allah-allah sejen, tan wande Mantenna bendu sarta maraneh disiksa, baris gancang-gancang musna mo aya nu nyesa di ieu tanah anu sakieu hadena, paparin Mantenna."

24¹Yosua ngempelkeun deui sakabeh kaom Israil di Sekem. Para kokolotna, kapala-kapalana, hakim-hakimna, kapala-kapala baladna, disalaur tuluy kumpul di payuneun Allah.

²Ngalahir Yosua ka sakabeh, "Aya pangandika PANGERAN Allahna Israil, kieu, Baheula, karuhun maraneh caricingna teh

di peuntaseun Walungan Eprat beulah ditu, ngabaktina ka aallahana. Salah saurang ti eta karuhun nya eta Terah, bapana Ibrahim jeung Nahor.

³ Seug Kami nyandak Ibrahim, karuhun maraneh, ti tanah peuntaseun Eprat diparentah ngambah sakuliah tanah Kanaan. Ku Kami dibere turunan Ioba. Mimitina ku Kami dibere Ishak.

⁴ Ishak dibere anak, Yakub jeung Esau. Esau ku Kami dibere tanah milik di pagunungan Edom, ari Yakub karuhun maraneh, indit ka Mesir jeung anak-anakna.

⁵ Ti dinya Kami ngutus Musa jeung Harun ka ditu. Urang Mesir ku Kami ditarajang ku balahi hebat kacida. Tapi maraneh mah ku Kami dituyun kaluar ti ditu.

⁶ Karuhun maraneh ku Kami dibawa budal ti Mesir. Ku balad Mesir diudag ku kareta perang jeung ku nu tarumpak kuda. Barang karuhun maraneh narepi ka Laut Beureum,

⁷ tingjarerit menta tulung ka Kami, seug antara maranehna jeung balad Mesir teh ku Kami dihalangan ku poek. Satulunya balad Mesir teh ku Kami diteuleumkeun, diteureuy ku laut. Dikumahakeun Mesir teh ku Kami, maraneh nyaho. Ti dinya maraneh hirup teh di gurun keusik kacida lilana.

⁸ Geus kitu ku Kami dibawa ka tanah urang Emor di wetaneun Walungan Yordan. Maraneh ku itu diperangan, tapi maraneh anu

meunang, musuh teh dielehkeun ku Kami. Tanahna ku maraneh dicokot. Ana maraneh maju, musuh ku Kami dibasmi.

⁹Geus kitu maraneh diperangan ku Balak bin Sipor, raja Moab. Eta raja ngala Balhum bin Beor, sina nyapa maraneh.

¹⁰Tapi Kami teu ngagugu ka Balhum, jadi manehna anggur ngaberkahan. Ku jalan kitu maraneh ku Kami diluputkeun ti Balak.

¹¹Maraneh meuntasan Walungan Yordan, jol ka Yeriho. Urang Yeriho merangan, saperti urang Emor, urang Pares, urang Kanaan, urang Het, urang Girgas, urang Hiwi, jeung urang Yebus. Tapi kabeh ku Kami dielehkeun, maraneh anu meunang.

¹²Ana maraneh maju, maranehanana ku Kami ditagiwurkeun, nepi ka dua raja urang Emor kabur. Kaburna lain ku pedang maraneh, lain ku gondewa maraneh.

¹³Maraneh ku Kami dibere tanah, lain beunang maraneh ngusahakeun; dibere kota, lain beunang maraneh ngadegkeun. Ku maraneh diareusian. Kebon anggur, kebon jetun, lain beunang maraneh melak, hasilna maraneh anu metik."

¹⁴"Nu matak ayeuna mah," saur Yosua, "sing taat ka PANGERAN, sing sumembah ka Mantenna kalawan saiklas-iklasna. Singkir-singkirkeun aallahan anu sok disarembah ku karuhun maraneh di Mesopotami jeung

di Mesir teh, kudu nyembah wungkul ka PANGERAN.

¹⁵Upama maraneh embung nyembah ka Mantenna, puguhkeun poe ieu keneh rek milih ngabakti ka saha, naha rek ngabakti ka aallahan anu disarembah ku karuhun maraneh di Mesopotami, atawa rek ngabakti ka sesembahan urang Emor, anu tanahna ayeuna diandih ku maraneh. Bapa sakulawarga mah rek ngabakti ka PANGERAN."

¹⁶Maranehanana ngajawab, "Abdi-abdi moal dugi ka ninggalkeun PANGERAN teras ngabakti ka aallahan!"

¹⁷PANGERAN Allah urang teh parantos nyandak karuhun kitu deui urang sadayana kaluar ti Mesir, urut urang kumawula. Urang parantos nyaksian mujijat-mujijat Mantenna. Urang teh nyorang tanah mana bae bari ngaliwatan bangsa-bangsa batur, ku Mantenna teu petot-petot ditangtayungan.

¹⁸Waktos urang majeng ka dieu, urang Emor, pribumi di dieu, ku PANGERAN disingkahkeun. Abdi sadaya oge sumeja ngabakti ka PANGERAN. Nya Mantenna Allah urang teh."

¹⁹Yosua ngalahir deui, "Boa moal bisa maraneh ngabakti ka PANGERAN. Mantenna teh Allah anu Maha Suci, moal kersaeun ngahampura dosa-dosa maraneh. Mantenna moal kersaeun ka nu sok ngalawan.

²⁰Upama maraneh mungkur ti Mantenna, ngabakti ka bangsa aallahan, tinangtu Mantenna malik sarta nyiksa ka maraneh. Najan tadina maraneh teh dibelaan, Mantenna moal sungkan-sungkan ngabasmi."

²¹Pihatur maranehanana, "Saleresna pisan abdi sadaya sumeja ngabakti ka PANGERAN."

²²Ngalahir deui Yosua, "Ana kitu, maraneh sorangan nu jadi saksi diri pribadi, yen geus milih seja ngabdi ka PANGERAN." "Leres, abdi sadaya saksina," tembal maranehanana.

²³"Heug. Geura singkir-singkirkeun aallahuan nu teu paruguh, anu ku maraneh disarimpen teh," saur Yosua. "Geus kitu kudu ikrar seja satia ka PANGERAN Allahna Israil."

²⁴Ari ceuk maranehanana ka Yosua, "Abdi sadaya sumeja sumembah ka PANGERAN Allah urang. Sumeja tunduk kana timbalan-timbalan Mantenna."

²⁵Seug poe eta Yosua di Sekem ngadamel ikrar anu kudu diikrarkeun ku maranehna, sarta nyusun hukum-hukum jeung tetekon-tetekon anu kudu diturut.

²⁶Parentah-parentah tea ku Yosua diseratkeun dina Kitab Hukum Allah. Geus kitu anjeunna nyandak batu gede, deg ditangtungkeun di handapeun tangkal kiara deukeut tempat paranti ngabakti ka PANGERAN.

²⁷Geus kitu Yosua misaur ka sakabeh jalma, "Ieu batu jadi saksi urang. Kabeh pilahir anu

didawuhkeun ku PANGERAN ka urang geus dikedalkeun hareupeun ieu batu. Nya batu ieu anu jadi saksi maraneh, keur ngingetan sangkan ulah ngalawan Allah."

²⁸ Geus kitu maranehanana ku Yosua dipiwarang bubar, marulang ka satempat-satempatna.

²⁹ Sabada eta, Yosua putra Nun abdi PANGERAN teh pupus, dina yuswa saratus sapuluh taun.

³⁰ Seug dikurebkeun di tanah milik anjeunna di Timnat Serah, di pagunungan Epraim, kalereun Gunung Gaas.

³¹ Sapanjang Yosua jumeneng, urang Israil tetep nyembah ka PANGERAN. Sanggeus dikantun pupus oge, jeung satungtung para pamingpin anu kungsi nyaraksian sagala dadamelan PANGERAN pikeun kabagjaan Israil tea harirup keneh, urang Israil teh tetep kitu.

³² Ari layon Yusup, anu ku urang Israil dibawa ti Mesir, dipetekna di Sekem, di lahan anu digaleuh ku Yakub saratus gebleg perak ti putra-putra Hemor ramana Sekem. Eta lahan jadi milikna turunan Yusup.

³³ Elasar putra Harun oge pupus. Dikurebkeunana di Gibea, kota di Pagunungan Epraim, anu diwariskeun ka Pinehas, putrana.

Hakim-hakim

1 ¹Sanggeus Yosua pupus, urang Israil naros ka PANGERAN, "Kaom mana heula anu kedah majeng ti payun, merangan urang Kanaan?"

²PANGERAN ngawaler, "Kaom Yuda heula. Eta tanah ku Kami geus ditangtukeun keur maranehna."

³Ceuk kaom Yuda ka kaom Simeon, "Bantuan kuring merangan urang Kanaan, ngarebut tanah anu ditangtukeun pikeun kuring. Engke aranjeun dibantuan ngarebut tanah anu ditangtukeun pikeun aranjeun." Seug kaom Simeon

⁴arindit perang mantuan kaom Yuda. Ku pitulungna PANGERAN perangna unggul, urang Kanaan jeung urang Pares kadeseh, baladna kasambut sapuluh rebu di Besek.

⁵Rajana, Adonibesek, kapanggih tuluy diperangan.

⁶Eta raja kabur, tapi diudag sarta kacerek. Tuluy indung leungeun jeung indung sukuna dibuntungan.

⁷Adonibesek ngarahuh, "Tujuh puluh raja nu dibuntungan indung leungeun jeung indung sukuna, marulungan remeh di kolong meja aing. Kalakuan aing kitu ka maranehna

ayeuna dibales ku PANGERAN." Adonibesek dibawa ka Yerusalem sarta paeh di dinya.

⁸Balad Yuda merangan Yerusalem. Yerusalem karebut. Jelemana diparaahan, kotana dihuru.

⁹Ti dinya balad Yuda merangan urang Kanaan anu di pagunungan, anu di suku-suku gunung, jeung anu di tanah gundul di kidul.

¹⁰Ti dinya maju deui merangan urang Kanaan anu di kota Hebron anu katelahna Kiryat Arba. Di dinya maranehanana ngelehkeun urang Sesai, Ahiman jeung Talmai.

¹¹Geus kitu balad Yuda maju ka kota Debir, harita mah disebutna Kiryat Seper.

¹²Pok Kaleb ngomong kieu, "Nu bisa ngarebut Kiryat Seper, rek dikawinkeun ka anak Bapa, Nyi Aksa."

¹³Otniel, alo Kaleb, anak Kenas, hasil ngarebut eta kota. Seug ku Kaleb dikawinkeun ka anakna, Nyi Aksa.

¹⁴Dina poean nikahna, Nyi Aksa ku Otniel diolo sina menta lahan ka bapana. Nyi Aksa turun tina tonggong kalde, ku Kaleb ditanya kahayangna.

¹⁵Ari tembalna, "Hoyong gaduh tanah anu aya sumber caina. Tanah paparin ti Bapa anu ti payun mah garing." Ku Kaleb ditedunan dibere lahan di beulah girang jeung beulah hilir nu aya sumber caina.

¹⁶ Geus kitu urang Keni, turunan mertua Musa, arindit jeung urang Yuda ti Yeriho, kota tangkal korma, ka hiji kota keri kiduleun Arad di wewengkon Yuda. Seug maratuh di dinya reujeung urang Amalek.

¹⁷ Kaom Yuda maju jeung kaom Simeon ngelehkeun urang Kanaan anu di kota Sepat. Eta kota ku maranehna disapa, diburak-barik, tuluy dingaranan Horma.

¹⁸ (1:18-19) Ku pitulungna PANGERAN, urang Yuda geus bisa ngarebut eta kota pagunungan. Tapi kota Gasa jeung Askelon atawa Ekron, anu perenahna di sapanjang basisir, jeung desa-desa sakurilingna, henteu karebut. Urang Yuda teu bisaeun ngusir pribumina, sabab barogaeun kareta perang tina beusi.

¹⁹ (1:18)

²⁰ Sakumaha anu geus diparentahkeun ku Musa, Hebron diselehkeun ka Caleb anu geus ngusir tilu golongan kaom turunan Enak ti eta kota.

²¹ Tapi kaom Binyamin henteu ngusir urang Yebus anu caricing di Yerusalem. Urang Yebus tetep caricing di dinya jeung urang Binyamin nepi ka ayeuna.

²² (1: 22-23) Kaom Epraim jeung Menase maju merangan kota Betel anu harita ngaranna Lus. Perangna dibantu ku PANGERAN. Maranehanana ngirim mata-mata ka ditu.

23 (1: 22)

24 Aya jelema anu kaluar ti jero kota, ku mata-mata dibawa ngomong, pokna, "Kami tuduhan sangkan bisa asup ka kota, engke maneh moal dikua-kieu."

25 Seug ku eta jelema dituduhan. Urang kota eta ku kaom Epraim jeung Menase ditumpes, iwal ti eta jelema katut sakulawargana.

26 Eta jelema satuluyna indit ka tanah Het. Di dituna nyieun kota, dingaranan Lus, nu tetep ngaranna kitu nepi ka ayeuna.

27 Urang pribumi anu henteu diusir ku kaom Menase, nya eta anu di kota-kota Bet San, Taanak, Dor, Yiblam. Megido, katut desa-desa anu darareukeut. Eta urang Kanaan teh tetep di darinya.

28 Sanggeus urang Israil tambah kuat, eta urang Kanaan teh tetep henteu diusir, tapi digarawekeun kalawan paksa.

29 Anu teu diusir ku kaom Epraim nya eta urang Kanaan anu araya di kota Geser. Maranehna maratuh keneh di dinya jeung kaom Epraim.

30 Anu henteu diusir ku kaom Sebulun, nya eta anu caricing di kota-kota Kitron jeung Nahalol. Jadi urang Kanaan di dinya mah tetep di darinya, tapi digarawekeun kalawan paksa.

31 Anu henteu diusir ku kaom Aser, nya eta anu caricing di kota-kota Ako, Sidon, Ahlab, Aksib, Helba, Apek jeung Rehob.

³²Jadi kaom Aser reureujeungan jeung urang Kanaan di dinya anu teu diusir.

³³Anu teu diusir ku kaom Naptali, nya eta anu caricing di kota-kota Bet Semes jeung Bet Anat. Urang Kanaan di dinya bareng reujeung kaom Naptali, tapi digarawekeun kalawan paksa.

³⁴Ari kaom Dan, ku urang Emor disedekkeun ka kota pagunungan, nepi ka teu barisaeun turun deui ka tanah padataran.

³⁵Urang Emor tetep nyaricingan kota-kota Ayalon, Saalabim jeung Gunung Heres. Tapi maranehna aya di bawah kakawasaan kaom Epraim jeung Menase, sarta digarawekeun kalawan paksa.

³⁶Ari tanah urang Edom, mimiti ti Sela kaler terus nepi ka sapanjang Akrabim.

2¹Malaikat PANGERAN sumping ti Gilgal ka Bokim; ngandika ka urang Israil, "Maraneh ku Kami dikaluarkeun ti Mesir, dibawa ka tanah anu ku Kami dijangjikeun ka karuhun maraneh. Kami geus ikrar, Kami moal udar jangji ka maraneh.

²Maraneh ulah nyieun perjangjian jeung pangeusi tanah ieu. Altar-altar urang dieu kudu diancur-ancurkeun. Tapi eta timbalan Kami ku maraneh henteu dilakonan. Malah anggur ngajalankeun anu sabalikna!

³Ku sabab kitu, ayeuna Kami moal deui ngusir pangeusi ieu tanah di mana maraneh maju perang. Maranehanana bakal jadi

musuh. Maraneh bakal kajiret lantaran ngabakti ka sesembahanana."

⁴Tutas malaikat ngandika, urang Israil kabeh ceurik.

⁵Nya ku sabab kitu eta tempat disebut Bokim. Geus kitu urang Israil di dinya nyanggakeun kurban ka PANGERAN.

⁶Geus kitu Yosua nginditkeun urang Israil. Unggal jelema inditna teh rek ngarebut bagian masing-masing di tanah eta.

⁷Sapanjang Yosua jumeneng, urang Israil taat ngabdi ka PANGERAN. Sanggeus dikantun pupus ku anjeunna oge, jeung sapanjang para pamingpin anu geus nyaraksian sagala dadamelan agung PANGERAN keur kabagjaan Israil harirup keneh mah urang Israil teh tetep aribadah.

⁸Yosua putra Nun, abdi PANGERAN, pupus dina yuswa saratus sapuluh taun.

⁹Dikurebkeunana di tanah milikna ku anjeun di Timnat Sera, wewengkon pagunungan Epraim, kalereun Gunung Gaas.

¹⁰Sanggeus urang Israil anu karolot maraot, turunan nu anyar mah tuluy poho ka PANGERAN, poho kana sagala dadamelan Mantenna pikeun kabagjaan Israil.

¹¹Urang Israil terusna mah doraka ka PANGERAN, mimiti nyarembah ka Baal.

¹²Eureun nyembahna ka PANGERAN Allah karuhunna, Allah anu ngaluarkeun maranehanana ti Mesir, tuluy nyembah

ka rupa-rupa aallahan nu disembah ku jelema-jelema nu aya di sakurilingeunana. Ku sabab sarujud ka nu karitu, PANGERAN jadi bendu ka maranehna.

¹³ Ngabaktina geus lain ka PANGERAN, tapi ka Dewa Baal jeung Astoret.

¹⁴ PANGERAN sakalangkung benduna ka Israil, seug urang Israil teh disina didatangan ku gorombolan anu rarampog, dirempug ku musuh ti sakurilingna. Urang Israil geus teter.

¹⁵ Unggal-unggal maranehna maju perang, PANGERAN nu jadi lawan, ngabuktoskeun dawuhana-Na bareto. Urang Israil batil melenguk.

¹⁶ Geus kitu PANGERAN ka urang Israil maparin pamingpin-pamingpin, pikeun ngayonan rampog-rampog tea.

¹⁷ Tapi urang Israil arapi lain bae ka eta pamingpin-pamingpin teh. Urang Israil geus malungkir ti PANGERAN, nyarembah ka aallahan batur. Beda ti karuhun-karuhunna anu taat kana timbalan-timbalan PANGERAN, Israil nu ayeuna mah gancang pisan culna ka PANGERAN teh.

¹⁸ Satiap PANGERAN maparin pamingpin, eta pamingpin teh ku Mantenna dibantu ngaleupaskeun Israil. Sapanjang eta pamingpin hirup keneh mah urang Israil bisa leupas ti musuh-musuhna. Eta teh bawaning PANGERAN welaseun ngadangu maranehna sasambat teu kuat nandangan sangsara.

¹⁹Tapi ana pamingpin tea maot, prak deui bae maranehanana malikan kalakuan nu enggeus-enggeus, malah gorengna alah batan ti turunan nu ti heula, nyararembah jeung ngabarakti ka allah-allah anu lian, teu kapok-kapok tina kagorengan.

²⁰PANGERAN jadi sakalangkung jengkelna ka Israil, lajeng ngadawuh, "Ieu bangsa enggeus ngaruksak perjangjian anu ku Kami diparentahkeun ka karuhun-karuhunna sangkan dicekel pageuh. Ku sabab maranehanana geus teu nurut,

²¹Kami moal rek ngusir deui bangsa-bangsa anu mana bae, anu keur basa Yosua tilar dunya araya keneh di tanah ieu.

²²Anggur ku Kami rek dipake geusan nguji maranehanana, naha arek nurut ka Kami sakumaha karuhun-karuhunna atawa moal."

²³Ku lantaran kitu, eta bangsa-bangsa teh ku Mantenna diantep di tanah eta. Jaman Yosua jumeneng keneh oge eta bangsa-bangsa teh ku PANGERAN teu diwidian dielehkeun. Kitu keneh sanggeus Yosua pupus, eta bangsa-bangsa ku Mantenna teu diusir.

3¹Jadi di tanah eta teh aya keneh sababaraha bangsa anu ku PANGERAN dikarikeun, pikeun nguji urang Israil anu teu ngalaman peperangan di Kanaan.

²Mantenna seja ngadidik ka tiap-tiap urang Israil turunan anu anyar tina hal peperangan,

pangpangna ka anu sama sakali acan kungsi ngalaman perang.

³Bangsa-bangsa nu araya keneh teh nya eta urang Pelisti di lima kota, urang Kanaan kabeh, urang Sidon jeung urang Hiwi di Pagunungan Libanon, ti semet Gunung Baal Hermon nepi ka jalan anu ka Hamat.

⁴Eta bangsa-bangsa dianggo pikeun nguji Israil, naha rek nurut kana timbalan-timbalan PANGERAN ka karuhun-karuhunna anu ditimbalkeun ka Musa, atawa moal.

⁵Ku kituna urang Israil teh aya di tengah-tengah urang Kanaan, urang Het, urang Emor, urang Pares, urang Hiwi jeung urang Yebus.

⁶Heug pacorok jodo sarta nyarembah ka aallahana maranehanana.

⁷Urang Israil poho ka PANGERAN Allahna, doraka ka Mantenna, ngabakti ka arca Baal jeung arca Asera.

⁸PANGERAN jadi bendu, urang Israil ku Mantenna sina dielehkeun ku Raja Kusan Rishataim ti Mesopotami, terus dijajah ku eta dalapan taun lilana.

⁹Seug urang Israil sasambat ka PANGERAN; Mantenna ngutus hiji pamingpin pikeun ngabebaskeun maranehanana, nya eta Otniel bin Kenas kapiputra Kaleb.

¹⁰Otniel diauban ku Roh PANGERAN, tuluy jadi pamingpin Israil. Raja Mesopotami ku anjeunna eleh diperangan.

¹¹ Geus kitu tanah eta jadi kerta, opat puluh taun lilana. Ti dinya Otniel pupus.

¹² Urang Israil doraka deui ka PANGERAN. Ku hal eta PANGERAN ngersakeun Raja Eglon ti Moab jadi leuwih kuat ti batan Israil.

¹³ Raja Eglon ngahiji jeung urang Amon jeung urang Amalek, ngelehkeun Israil, ngarampas kota Yericho, kota tangkal korma tea.

¹⁴ Urang Israil tuluy dijajah nepi ka dalapan belas taun.

¹⁵ Geus kitu urang Israil sasambat ka PANGERAN. Seug dikintun hiji pamingpin pikeun ngabebaskeun maranehanana, nya eta Ehud. Ari Ehud teh ngede. Anjeunna putra Gera ti kaom Binyamin. Urang Israil ngutus Ehud ka Moab, nganteurkeun upeti ka Raja Eglon.

¹⁶ Ehud geus ngadamel pedang anu dua pangadekna, panjangna meh satengah meter. Eta pedang disoren pageuh beulah katuhu jeroeun jubah.

¹⁷ Ehud angkat nyandak upeti ka Raja Eglon. Ieu raja kacida lintuhna.

¹⁸ Beres nyanggakeun upeti, jalma-jalma anu ngakut eta upeti ku Ehud dijurung terus marulang.

¹⁹ Ehud ku anjeun ti tempat batu-batu ukir di Gilgal malik deui ngadeuheus ka Eglon. Saurna, "Gusti Sang Raja! Jisim abdi seja ngunjukkeun hiji rasiah." Raja nimbalan ka

abdi-abdina, "Maraneh kalaluar heula!" Tuluy
abdi-abdina kalaluar.

²⁰Sanggeus raja calik nyalira di loteng
paniisan, Ehud nyaketan bari saurna, "Sang
Raja! Sim kuring ngemban pangandika Allah!"
Neut sang raja ngadeg.

²¹Serepet Ehud mesat pedang anu disoren di
katuhu ku panangan kiwa, bles ditubleskeun
kana beuteung raja,

²²ambles jeung perah-perahna bari
kalimpudan deui ku gajih. Pedang teh ku
Ehud teu dicabut, diantep sina nancleb
dina beuteung raja, parat tembus kana
palangkakan.

²³Geus kitu Ehud kaluar, panto loteng
ditutup dikoncikeun,

²⁴terus anjeunna angkat. Abdi-abdi raja
mireungeuh panto-panto narutup teh anggur
nyangka yen raja di lebet eukeur leleson.

²⁵Sanggeus kesel narungguan sarta raja
henteu bae muka panto, top maranehanana
kana konci, panto dibuka. Ana bray, kasampak
rajana geus teu nyawaan ngajolopong dina
ubin.

²⁶Sabot abdi-abdi raja tarunggu, Ehud mah
geus ngalolos ka Sira ngaliwatan tempat
batu-batu ukir tea.

²⁷Sasumpingna ka daerah pagunungan
Epraim, anjeunna niup tarompet
ngumpulkeun balad Israil pikeun maju
jurit, terus dipingpin mudun ti pasir.

²⁸ Saurna ka prajurit-prajurit, "Hiap tuturkeun. Musuh aranjeun, urang Moab, ku PANGERAN geus diselehkeun ka aranjeun." Brul naluturkeun Ehud, tuluy ngarebut hiji tempat paranti urang Moab meuntas Walungan Yordan. Taya hiji urang Moab anu bisa meuntas.

²⁹ Poe eta urang Israil niwaskeun kurang leuwih sapuluh rebu perjurit Moab petinganana, taya hiji anu bisa loput.

³⁰ Poe eta Moab dielehkeun ku Israil, saterusna tanah eta jadi kerta dalapan puluh taun lilana.

³¹ Sanggeus Ehud, nu jadi pamingpin teh Samgar bin Anat, anu ngajait Israil ku jalan ngabasmi genep ratus urang Pelisti ku iteuk paranti ngagebahkeun sapi.

4 ¹ Sanggeus Ehud pupus, urang Israil doraka deui ka PANGERAN.

² Seug ku PANGERAN diselehkeun ka Yabin, raja Kanaan anu marentahna di kota Hasor. Panglima perangna ngaranna Sisera, cicingna di Haroset Hagoyim.

³ Yabin kagungan salapan ratus kareta perang tina beusi. Marentahna ka urang Israil dua puluh taun, kacida kerasna jeung bengisna. Urang Israil sasambat menta tulung ka PANGERAN.

⁴ Harita anu ngurus urang Israil teh hiji nabi istri jenengan Debora, istrina Lapidot.

⁵Anjeunna biasa sok calik di handapeun hiji tangkal korma, antara Ramah jeung Betel di kota pagunungan Epraim. Urang Israil sok daratang ka anjeunna menta bongbolongan.

⁶Dina hiji poe anjeunna miwarang sumping ka Barak bin Abinoam ti kota Kedes, wewengkon Naptali. Saur Debora ka anjeunna, "Ieu aya timbalan ti PANGERAN, Allah Israil pikeun anjeun kieu, Kumpulkeun 10.000 urang jalma lalaki ti kaom Naptali jeung Sebulun, bawa ka Gunung Tabor.

⁷Engke Sisera, panglima angkatan perang Yabin, ku Kami rek disina datang jeung sabalandna katut kareta-kareta perangna, rek merangan ka maneh di Walungan Kison. Tapi maneh ku Kami baris dibere kaunggulan dina eta perang."

⁸Barak ngawalon, "Upami miosna sareng Ibu, mangga. Upami teu sareng Ibu mah moal mios."

⁹Waler Debora, "Heug dibarengan ku Ibu. Tapi ari kitu mah hidep moal aya kasebutna, lantaran Sisera teh ku PANGERAN baris diselehkeun ka leungeun hiji awewe." Ti dinya Debora jengkar ka Kedes, nyarengan Barak.

¹⁰Barak ngumpulkeun jelema ti kaom Sebulun jeung Naptali, tuluy maju ka Kedes diiring ku 10.000 urang, disarengan ku Debora.

¹¹Kocap Heber urang Keni turunan Hobab dahuan Musa tea, harita geus ngadegkeun

kemah deukeut hiji tangkal kiara di Saanaim,
misahkeun maneh ti urang Keni lianna.

¹²Sisera geus nyahoeun yen aya Barak
unggah ka Gunung Tabor,

¹³geuwat ngumpulkeun balad katut kareta
perangna anu salapan ratus, terus dikeprak ti
Haroset Hagoyim ka Walungan Kison.

¹⁴Ari saur Debora ka Barak, "Maju!
PANGERAN anu mingpin hidep. Poe ieu Sisera
baris taluk ka hidep." Barak jeung sapuluh
rebu perjuritna turun ti Gunung Tabor.

¹⁵Ari Sisera sabalandna kitu deui barisan
karetana, barang breg diambreg ku balad
Barak teh ku PANGERAN sina jadi pabaliut teu
paruguh. Sisera ngajleng tina karetana, tuluy
ngabecir kabur.

¹⁶Balad jeung barisan karetana, ku Barak
diobrot nepi ka Haroset Hagoyim, di dinya
balad Sisera beak ditumpes taya nu ngari.

¹⁷Ari Sisera kaburna muru ka pakemahan
Yael, bojo Heber urang Keni tea, dumeh
kulawarga Heber hirupna akur jeung Raja
Yabin ti Hasor.

¹⁸Yael norojol mapagkeun Sisera bari
ngahaturanan linggih, pokna, "Mangga
Juragan, lebet. Teu kedah asa-asas." Sisera
asup, ku Yael dititah nyumput tukangeun
reregan.

¹⁹Sisera ngomong, "Cik kami menta cai,
hayang nginum." Ku Yael diasongan cisusu,
regot diinum, tuluy sina nyumput deui.

²⁰Ceuk Sisera ka Yael, "Maneh tunggu di lawang. Mun aya nu mapaykeun, bejakeun euweuh sasaha."

²¹Ku bawaning cape, reup Sisera sare tibra pisan. Yael nyokot palu jeung pancuh kemah, tuluy nyampeurkeun Sisera ati-ati pisan. Jebrod palipisan Sisera dipaseuk ku talutug kemah, dipancuhkeun kana taneuh.

²²Ti dinya Barak ngarongheap seja milarian Sisera. Yael norojol mapagkeun bari haturan, "Tingali geura, jalmi anu dipilarian ku Juragan tea." Anjeunna asup ka jero kemah jeung Yael, kasampak Sisera ngajoprak dina taneuh geus teu nyawaan, palipisanana dipaseuk ku pancuh kemah.

²³Poe eta PANGERAN maparin kaunggulan ka urang Israil. Yabin raja Kanaan teh kasoran.

²⁴Ku urang Israil hantem dibeberik nepi ka ahirna binasa.

5¹Poe eta Debora jeung Barak bin Abinoam ngawihkeun ieu kidung:

²Puji PANGERAN! Urang Israil geus milih jurit, rahayat bungah, rampak maju andon suka.

³He raja-raja, darengekeun! He para kapala, raregepkeun! Kami rek ngawih jeung nabeuh bade ka lenggah Allah Israil, PANGERAN.

⁴Nun PANGERAN, nalika Gusti jengkar ti pagunungan Seir, majeng nilarkeun

wewengkon Edom, bumi genjlong, der hujan turun ti langit, ngagurujug tina mega.

⁵ Gunung-gunung araringgeung, payuneun Gustining Sinai payuneun PANGERAN Allahna Israil.

⁶ Keur jaman Samgar bin Anat, keur jaman Yael, ieu tanah tara disorang deui ku kapilah, nu lalumaku jalanna ka pasision.

⁷ Kota-kota di Israil eusina suwung, Debora! Parongpong karosong. Ti dinya jol anjeun sumping, lir indung pikeun Israil.

⁸ Der di dinya aya perang, dumeh Israil nyembah ka allah nu anyar. Ti antara opat puluh rebu urang Israil, na aya nu maju, top kana tameng atawa top kana tumbak?

⁹ Hate kuring tibelat ka para panglima Israil, kagagas ku rahayat anu maju andon suka. Puji PANGERAN!

¹⁰ Pek hal eta caritakeun ku aranjeun, he anu tarumpak kalde bodas, he anu dariuk dina sela, he aranjeun, nu tuman leumpang badarat!

¹¹ Tah dengekeun, jalma-jalma galecok deukeut tampian-tampian, nyaritakeun kaunggulan PANGERAN, nya kaunggulan-kaunggulan rahayat Israil! Ti dinya umat PANGERAN budal ti kota-kotana.

¹² Pingpin, Debora, pingpin! Pingpin! Kawihkeun kidung! Pingpin! Maju, Barak bin Ahinoam, maju giringkeun para tawanan anjeun!

¹³Jalma-jalma anu saratia daratang ka pamingpin-pamingpinna. Umat Allah dararatang ka Anjeunna, tararandang seja perang.

¹⁴Daratangna ti Epraim, marudun ka lebak, nuturkeun kaom Binyamin, nu geus ngerid rahayatna. Tuh deui para panglima, daratang ti Makir, sarta para perwira, geus murubul ti Sebulun.

¹⁵Para kokojo kaom Isaskar daratangna jeung Debora. Enya, Isaskar, kitu deui Barak, seug ditaluturkeun, marudun ka lebak. Tapi kaom Rubin mah ngarancabang antara milu jeung moal.

¹⁶Anggur ngajarentul tukangeun domba-dombana. Naha arek ngadon ngadengekeun sora pangangon nyalukan domba-dombana? Enya kaom Rubin teh ngarancabang antara milu jeung moal.

¹⁷Kaom Gad ge jongjon bae di peuntas wetan Walungan Yordan. Kaom Dan ukur ngawaskeun ti kapal. Kaom Aser jongjon bae di basisir, tingjarentul sisi laut.

¹⁸Teu cara kaom Sebulun, teu cara kaom Naptali, ieu mah tararega kana pati, tarandang di medan perang.

¹⁹Di Taanak, sisi Walungan Megido, raja-raja rame tarung, raja-raja Kanaan tarurun perang, parandene taya anu ngarampas barang perak.

²⁰ Di langit, bentang-bentang milu perang,
tingjorelat di awang-awang merangan Sisera.

²¹ Musuh beresih, palid ku banjir Walungan
Kison, walungan anu biasana leuleuy. Kami
baris maju terus, maju kalawan gagah
perkosa!

²² Sora lumpatna kuda tingberetek,
talapokna nejehan taneuh.

²³ "Sumpahan Meros," lahiran malaikat
PANGERAN, "sumpahan jelema-jelemana,
lantaran taya nu datang ngabantu
PANGERAN, henteu jaradi perjurit, teu milu
tarung ngabantu Mantenna."

²⁴ Yael, wanita nu pangbagjana. Eta bojo
Heber bangsa Keni, wanita pangeusi kemah
nu pangbagjana.

²⁵ Sisera menta cai, ana sok cisusu, susu
kekentelna, dina pinggan anu endah.

²⁶ Leungeunna nu sabeulah ceg kana pancuh
kemah, sabeulah deui ceg kana palu. Jebrod
sirah Sisera dipancuh, palebah palipisanana.

²⁷ Bru Sisera ngarumpuyuk, ngarempseyek
dina suku Yael, di dinya ngarumpuyukna, nya
di dinya ngajoprakna, paeh henteu obah deui.

²⁸ Indung Sisera ngalelengo, ngalong ti
tukangeun sarigsig jandela, bari pokna,
"Naha si ujang karetana acan datang, kudana
acan aya rentang-rentang?"

²⁹ Dijawab ku inang nu pangpinterna,
manehna oge ngalilipur maneh, mani pok
deui, pok deui,

³⁰"Panginten nuju babagi, babagi heula barang jarahan, keur babagi mojang ka para perjurit, anu hiji, anu dua. Keur Sisera, anggoan nu arendah, kaen songket keur anggoeun prameswari."

³¹ Mugi sadaya musuh Gamparan, paehna sing cara kitu, nun PANGERAN. Mugi sadaya mitra Gamparan, maloncorong lir ibarat surya medal! Geus kitu tanah Israil teh kerta, opat puluh taun lilana.

6 ¹Urang Israil daroraka deui ka PANGERAN. Seug ku Mantenna diselehkeun ka urang Midian, meunang tujuh taun.

²Urang Midian kacida kumawasana ka urang Israil, nepi ka urang Israil nyararumput ka guha-guha atawa tempat-tempat di pasir anu kira-kira baris aman.

³Saban urang Israil rek pepelakan, urang Midian daratang ngurutug jeung urang Amalek sarta jeung suku-suku bangsa gurun keusik.

⁴Maranehna ngahaja nyarieun pakemahan di wewengkon Israil, seug ngagalaksak kana pepelakan urang Israil nepi ka Gasa di wewengkon kidul. Domba, sapi, kalde jeung naon bae tatali hurip urang Israil, ku maranehna teu aya nu dikarikeun.

⁵Ana daratang mani nakleuk kawas simeut, jeung ingon-ingonna, malah marawa kemah sagala. Jelema jeung ontana geus lain

itungeun ku loba-lobana, wungkul arek ngaruksak ka tanah urang Israil.

⁶Urang Israil teu bisa nanaon.

⁷Seug urang Israil sasambat ka PANGERAN, menta tulung hayang leupas ti urang Midian.

⁸Lajeng PANGERAN ngutus hiji nabi, ngemban timbalan PANGERAN Allahna Israil, kieu, "Kami geus ngaluarkeun maraneh ti Mesir.

⁹Geus ngaluputkeun maraneh ti urang Mesir, kitu deui ti jelema-jelema anu merangan ka maraneh di ieu tanah. Maranehna ku Kami geus diusir ti ieu tanah waktu ku maraneh diperangan, sarta tanahna ku Kami diserenkeun ka maraneh.

¹⁰Dawuhan Kami, Kami teh PANGERAN Allah maraneh. Maraneh ulah nyembah ka aallahan urang Emor, anu tanahna ku maraneh di cicingan. Tapi maraneh henteu nurut ka Kami."

¹¹Geus kitu, sumping malaikat PANGERAN ka kota Opra, calik di handapeun tangkal kiara bogana Yoas ti kaom Abieser. Harita putra Yoas, Gidion, keur susulumputan ngirik gandum di tempat meres anggur, sieuneun kanyahoan ku urang Midian.

¹²Malaikat PANGERAN teh nemongan ka anjeunna, sarta ngandika, "He nu gagah, PANGERAN nyarengan ka maneh!"

¹³Mihatur Gidion, "Juragan, sim abdi unjuk tumaros. Upami yaktos PANGERAN

nyarengan, geuning sim abdi dugi ka ngalamana kieu! Mana mujijat-mujijat Mantenna anu sok dicarioskeun ka sepuh-sepuh teh, anu majar pohara ajaibna waktos Mantenna ngaluarkeun aranjeunna ti Mesir! Ayeuna abdi sadaya ku PANGERAN diantep kieu, hirup kumaha urang Midian."

¹⁴Ari timbalan PANGERAN, "Jung ka ditu gunakeun tanaga maneh nu rosa teh, leupaskeun Israil ti urang Midian. Kami pribadi anu miwarang."

¹⁵Gidion ngawangsul, "Kumaha petana abdi ngaleupaskeun Israil teh? Di kaom Menase, golongan abdi teh panghengkerna, sareng di kulawargi, abdi teh sanes jalmi penting."

¹⁶Ngawaler PANGERAN, "Maneh tangtu sanggup, sabab Kami tangtu ngabantu. Bakal babari bae maneh ngabasmi urang Midian teh, moal beda ti ngelehkeun musuh saurang."

¹⁷Wangsul Gidion, "Manawi sapuk, abdi nyuhunkeun tawis yen Juragan teh leres PANGERAN.

¹⁸Mugi ulah waka angkat, abdi bade ngahaturanan tuang heula." Ari walerana-Na, "Heug Kami tunggu nepi ka maneh ka dieu deui."

¹⁹Tuluy Gidion ka bumina, meuncit embe ngora, tuluy diolahkeun. Ti dinya nyiuk tipung sapuluh kilo didamel roti teu make ragi. Dagingna diwadahan kana tetenong, kuahna

diwadahan kana panci, tuluy dicandak kana handapeun tangkal kiara, dihaturkeun ka malaikat PANGERAN.

²⁰ Malaikat ngalahir, "Teundeun eta daging jeung roti di dinya dina cadas, tuluy banjur ku kuahna." Ku Gidion ditumutkeun.

²¹ Malaikat PANGERAN netelkeun tetekenna kana eta daging jeung roti nepi ka ledis. Gur tina eta cadas bijil seuneu, ngaduruk eta daging jeung roti. Geus kitu les malaikat teh ngaleungit.

²² Ayeuna Gidion yakin yen anu katingal tadi teh enya malaikat PANGERAN.

Anjeunna kacida reuwaseunana, pok misaur, "PANGERAN Nu Maha Agung! Abdi cilaka, parantos adu hareupan sareng malaikat PANGERAN!"

²³ Tapi PANGERAN ngadawuh ka anjeunna, "Sing teger. Ulah sieun-sieun. Maneh moal nepi ka paeh."

²⁴ Ti dinya Gidion ngadamel altar kanggo PANGERAN, altarna dingaranan "PANGERAN Sumber Rahayu". (Eta altar tetep aya di Opra, kapiboga ku urang Abieser.)

²⁵ Peutingna PANGERAN nimbalan ka Gidion, "Cokot sapi jalu bapa maneh sahiji, jeung sahiji deui anu umur tujuh taun. Bongkar altar bapa maneh paranti muja ka Baal, tihang lambang Dewi Asera anu di gigireunana runtuhkeun.

²⁶Adegkeun di luhur eta tumpukan hiji altar, rarancangna sing hade. Sapi anu kadua tea sabelegerna duruk kurbankeun ka PANGERAN dina eta altar, gunakeun tihang lambang Dewi Asera anu geus diruntuhkeun jadi suluhna."

²⁷Tuluy Gidion nyandak badega sapuluh urang; eta timbalan PANGERAN teh dilaksanakeun. Ngalaksanakeunana ti peuting, lantaran anjeunna sieuneun ku kulawargina jeung ku jelema-jelema urang desa eta.

²⁸Barang urang dinya harudang isuk-isuk, nyampak altar Baal geus dibongkar, tihang Dewi Asera geus runtuh, jeung dina altar anyar aya sapi beunang ngaduruk.

²⁹Seug silih tanya pada batur, "Pagawean saha ieu teh?" Sanggeus disusud, kanyahoan yen jelemana teh Gidion putra Yoas.

³⁰Tuluy ceuk maranehanana ka Yoas, "Ka dieukeun anak anjeun, rek dipaehan! Anak anjeun geus ngaruksak altar Baal jeung ngarubuhkeun tihang Dewi Asera!"

³¹Jelema nu keur arambek teh ku Yoas diwalon, "Aranjeun teh rek mihak ka Baal, arek manglawankeun? Sing saha anu rek ngabelaan Baal, isuk ieu keneh tangtu dipaehan! Upama enya Baal teh allah, keun sina ngabela dirina pedah altarna aya nu ngabongkar."

³²Ti semet harita Gidion jadi katelah Yerubaal, dumeh saur Yoas, "Upama enya

Baal teh allah, keun sina ngabela dirina, pedah altarna aya nu ngabongkar."

³³ Geus kitu urang Midian, urang Amalek jeung suku-suku bangsa gurun keusik kabeh kumpul, tuluy meuntasan Walungan Yordan, seug mangkalan di Lebak Yisrel.

³⁴ Ti dinya Roh PANGERAN tumerap ka Gidion. Gidion niup tarompet, ngumpulkeun urang Abieser.

³⁵ Ti dinya anjeunna ngirim utusan-utusan ka sakuliah daerah kaom Menase, boh nu di wetaneun boh nu di kuloneun Walungan Yordan, ngajak sangkan kaom Menase babarengan jeung anjeunna. Ngirim deui utusan-utusan ka kaom Aser, Sebulun jeung Naptali, sarta maranehna oge daratang ngahiji jeung anjeunna.

³⁶ Piunjuk Gidion ka Allah, "Gusti parantos milih abdi kangge ngajait Israil.

³⁷ Upami leres kitu, abdi ayeuna bade neundeun bulu domba dina tempat pangirikan tea. Saupami enjing eta bulu lantis ku ibun tur taneuhna tetep tuhur, nembe abdi yakin yen Gusti leres ngersakeun abdi geusan ngaleupaskeun Israil."

³⁸ Nya kitu kajadianana. Isukna, barang Gidion tanghi kapendak eta bulu domba teh cipruk ku ciibun. Ku Gidion dipeureut, caina ngucur aya kana samangkokeun.

³⁹ Gidion miunjuk ka Allah, "Mugi Gusti ulah bendu, sim abdi bade unjukan deui.

Nyuhunkeun widi nyobi sakali deui ku ieu bulu. Panuhun teh nu baseuhna taneuhna, buluna tetep garing."

⁴⁰ Peuting eta Allah midamel kitu. Isukna bulu teh tetep garing, ari taneuhna baseuh ku ciibun.

7 ¹Dina hiji poe, isuk-isuk Gidion sabalandna geus tarapti, tuluy masang kemah di sumber cai Harod. Ari urang Midian pakemahanana di hiji lebak kalereunana, di Pasir More.

²Dawuhan PANGERAN ka Gidion, "Balad teh loba teuing. Kami moal nyelehkeun urang Midian ka maranehna. Bisi pajarkeun elehna teh ku maranehanana sorangan, ari Kami teu disebut-sebut.

³Embarkeun kieu, Anu ngarasa miris meunang balik, sesana baris tetep di dieu, di Gunung Gilad." Nu baralik aya dua puluh dua rebu urang, nu kari ngan sapuluh rebu urang.

⁴Dawuhan PANGERAN ka Gidion, "Sakitu ge masih keneh loba teuing. Bawa ka cai, ku Kami rek dipilih di dinya nu baris tetep jeung maneh. Upama ceuk Kami tah nu eta meunang milu, meunang milu. Upama ceuk Kami teu meunang milu, teu meunang."

⁵Gidion nyandak baladna ka cai. PANGERAN ngadawuh, "Anu ngarinumna diletak ku letah kawas anjing, pisahkeun ti nu ngarinumna bari dareku."

⁶Aya tilu ratus urang anu nyedok cai ku dampal leungeunna terus diletakan; anu seja jenna mah ngarinumna bari dareku.

⁷Dawuhan PANGERAN, "Eta nu tilu ratus urang, anu ngarinumna diletak, ku Kami rek sina mantuan maneh pikeun ngele hkeun urang Midian. Nu seja jenna sina baralik."

⁸Maranehanana ku Gidion dipiwarang baralik, kajaba anu tilu ratus urang. Ari bekelna jeung tarompetna ti nu baralik tea dicokot. Di lebakeunana pakemahan urang Midian.

⁹Peutingna PANGERAN nimbalan ka Gidion, "Geura pek rurug pakemahan musuh. Ku Kami rek disele hkeun ka maneh.

¹⁰Bisi maneh hamham keneh, jig turun ka ditu jeung badega maneh si Pura.

¹¹Engke ku maneh kadenge kumaha omong-omonganana, tangtu wawanen maneh timbul geusan ngarurug." Ti dinya Gidion mudun jeung Pura, badegana, ka sisi pakemahan musuh.

¹²Urang Midian, urang Amalek, jeung suku-suku bangsa gurun keusik, mani ngabarak saluluar lebak lir simeut lobana, nya kitu deui ontana, lobana lir keusik di basisir.

¹³Barang sumping, Gidion ngadangu aya nu keur nyaritakeun impianana ka baturna, pokna, "Leuh kuring ngimpi, aya roti gandum ngagorolong ka lebah urang, jedak neunggar

hiji kemah, bru kemahna rubuh mani rata jeung taneuh."

¹⁴ Jawab baturna, "Moal salah eta teh pedang Gidion bin Yoas urang Israil! Moal salah deui! Urang Midian jeung urang sarerea tangtu eleh, diselehkeun ka manehna ku PANGERAN!"

¹⁵ Ngadangu anu nyaritakeun impian kitu jeung pihartieunana, brek Gidion tapak deku, sembah bakti ka Allah. Tuluy mulih ka pangkalan Israil. Geus kitu saurna, "Geura sadia. Balad Midian tan wande diselehkeun ku PANGERAN ka aranjeun!"

¹⁶ Seug balad teh ku anjeunna dibagi tilu bagian, tiap perjurit mawa tarompet jeung kendi wadah obor.

¹⁷ Saurna deui, "Upama kami geus aya di tungtung pangkalan itu, awaskeun tuluy sapeta-peta kami tiru.

¹⁸ Upama gundukan kami niup tarompet, tembalan ku tarompet maraneh ti sakurilingeun pakemahan musuh, tuluy surak, Demi PANGERAN jeung demi Gidion!"

¹⁹ Memeh tengah peuting Gidion jeung saratus jalmana geus narepi ka sisi pakemahan musuh, meneran anu jaga di dinya kakara cikeneh digilir. Maranehna tuluy bareng nariup tarompet jeung mareupeuskeun kendi-kendi bawana tea.

²⁰ Diturutan ku nu dua bagian deui. Obor-obor dicangking ku leungeun kanca,

leungeun katuhu nyangking tarompet, ger surak, "Pedang demi PANGERAN jeung demi Gidion!"

²¹ Tiap perjurit nangtungna di tempat masing-masing sakurilingeun pakemahan musuhna. Musuh pating gurubug lalumpatan teu paruguh bari pating gorowok.

²² Sabot balad Gidion nariup tarompet, musuh ku PANGERAN disina silih babad pada baturna ku pedang. Tuluy maranehna kalabur nepi ka Bet Sita, tebeh Sartan, jeung nepi ka kota Abel Mehola deukeut Tabat.

²³ Gancang urang Israil ti kaom Naptali, kaom Aser jeung dua kaom Menase dikeprak sina ngarudag urang Midian.

²⁴ Jeung deui Gidion terus ngutus jelema sina ngider ka sakuliah daerah pagunungan Epraim nguwaran kieu, "Geura tarurun! Pegat urang Midian! Piheulaan ka Walungan Yordan jeung ka sumber-sumber cai nepi ka Bet Bara. Pegat urang Midian ulah nepi ka mareuntas." Urang Epraim kabeh dikeprak, tuluy maregat di Walungan Yordan jeung sumber-sumber cai nepi ka Bet Bara.

²⁵ Maranehna bisa newak dua gegedug Midian, ngaranna Oreb jeung Seeb. Geus kitu Oreb dipaehan di Cadas Oreb, ari Seeb dipaehan di Pameresan Anggur Seeb. Ti dinya maju deui ngudag urang Midian. Sirah Oreb jeung Seeb dibawa sarta diserenkeun ka Gidion anu geus aya di Yordan peuntas wetan.

8 ¹ Geus kitu urang Epraim ngaromong ka Gidion, "Anjeun merangan urang Midian ku naon teu ngajak-ngajak? Asa teungteuingeun pisan anjeun ka kuring teh!" Maranehanana kacida ngarasa tugenahna.

² Ari saur Gidion, "Eta beubeunangan kuring, lamun dibandingkeun jeung beubeunangan aranjeun nu enggeus-enggeus, teu aya pisan hartina. Anu geus dipigawe ku aranjeun kaom Epraim, sanajan nu pangleutikna oge, leuwih gede hargana ti batan anu ayeuna dilakonan ku kaom kuring, kaom Abieser.

³ Turug-turug ku berkahna kakawasaan Allah, aranjeun geus hasil niwaskeun dua gegedug Midian, Oreb jeung Seeb. Dibandingkeun jeung eta, beubeunangan kuring mah naon hartina?" Dijawab kitu mah lemper napsuna urang Epraim teh.

⁴ Gidion jeung tilu ratus baladna geus nepi ka Walungan Yordan, geus mareuntas. Kacida carapeeunana teh, tapi terus bae ngudag musuh.

⁵ Barang narepi ka desa Sukot, Gidion misaur ka urang dinya, "Cik ieu balad kuring bere dahar saeutik mah, geus lalungseeun. Mangkaning keur ngudag Raja Sebah jeung Raja Salmuna, rajana urang Midian."

⁶ Kapala-kapala urang Sukot ngajawab, "Naha make kudu dibere dahar sagala? Nu diudagna oge, Sebah jeung Salmuna acan katewak."

⁷ Waler Gidion, "Kitu, kitu! Engke, ana Sebah jeung Salmuna geus diselehkeun ka kami ku PANGERAN, aranjeun rek dibabukan ku cucuk jeung pulus meunang ngala ti gurun keusik!"

⁸ Gidion kebat maju ka Penuel. Ka urang dinya oge anjeunna mundut kitu cara ka urang Sukot. Tapi jawabanana oge sarua jeung urang Sukot.

⁹ Ku sabab kitu saur Gidion ka maranehanana, "Lamun kami engke mulang deui kalawan sehat sarta salamet, eta munara maraneh engke ku kami rek dirugrugkeun!"

¹⁰ Sebah jeung Salmuna sabaladna araya di Karkor. Baladna, suku-suku bangsa gurun keusik tea ngan kari 15.000 urang deui; 120.000 serdaduna geus tiwas.

¹¹ Gidion majuna nyandak jalan anu malipid ka gurun keusik, wetaneun Nobah jeung Yogbeha. Der balad musuh teh didodoho, ditarajang.

¹² Dua rajana, Sebah jeung Salmuna kabur, tapi terus diudag sarta beunang ditawan, baladna paburisat.

¹³ Waktu Gidion mulih jurit, nyandak jalan anu ka Heres,

¹⁴ anjeunna nangkep hiji budak ngora urang Sukot lajeng dipariksa. Seug eta budak ngora teh nuliskeun sakabeh ngaran kapala urang Sukot. Kabehna aya tujuh puluh tujuh urang.

¹⁵Ti dinya Gidion sumping ka Sukot, sarta kieu saurna ka urang dinya, "Maraneh kamari ieu nolak pamenta kami. Aringet keneh? Ceuk maraneh, balad kami anu geus lalungse teh teu perlu dibere dahar, dumeh Sebah jeung Salmuna acan katewak. Tah ieu Sebah jeung Salmuna!"

¹⁶Ti dinya anjeunna nyandak cucuk jeung pulus anu ti gurun keusik tea, dianggo ngababukan kapala-kapala urang Sukot.

¹⁷Kitu deui munara anu di Penuel tea ku anjeunna dirugrugkeun, sarta sakabeh lalaki urang dinya ditumpes.

¹⁸Gidion mariksa ka Sebah jeung Salmuna, "Kumaha perkara jelema-jelema anu ku maraneh dipaahan di Tabor?" Jawabna, "Rupana sarua jeung anjeun, ulatna ulat anak raja."

¹⁹Saur Gidion, "Eta teh dulur-dulur kami, dulur-dulur saindung. Lamun heug ku maraneh teu dipaahan mah kami sumpah, maraneh oge ku kami moal nepi ka dipaahan."

²⁰Geus kitu anjeunna miwarang Yeter, putrana anu cikal, saurna, "Paehan ku hidep eta dua raja teh!" Tapi putrana henteu terus nyabut pedang. Asa-asanya, kawantu murangkalih keneh.

²¹Ari ceuk Sebah jeung Salmuna ka Gidion, "Atuh ku anjeun bae sorangan kuring teh paahan. Da eta mah pagawean kolot." Tuluy maranehanana ku Gidion dipaahan. Ari

perhiasan-perhiasanana anu disimpel dina
beuheung ontana ku Gidion dirampas.

²² Geus kitu urang Israil mihatur ka Gidion,
"Anjeun bae atuh nyepeng pamarentahan,
anjeun saturun tumurun. Anjeun parantos
ngabebaskeun kuring ti urang Midian."

²³ Waler Gidion, "Kuring teu hayang jadi
pamingpin. Anak kuring oge moal daekeun.
PANGERAN bae pamingpin aranjeun mah."

²⁴ Tapi saurna deui, "Tapi aya sarupa
pamenta kuring, nya eta anting-ating
beunang aranjeun ngajarah tea." (Urang
Midian memang mararake anting emas,
sakumaha galibna bangsa-bangsa gurun
keusik lianna.)

²⁵ Ceuk maranehanana, "Mangga seja
kasanggakeun, suka lilah pisan." Bar
maranehanana ngamparkeun sagebar lawon,
tuluy anting-ating jarahan teh diteundeunan
ka dinya.

²⁶ Beuratna anting-ating anu katampa
ku Gidion meh dua puluh kilogram, jaba
perhiasan-perhiasan, kongkorong, jeung
jubah wungu urut raja Midian kitu deui
kongkorong-kongkorong onta.

²⁷ Eta emas ku Gidion didamel arca
sesembahan, dipernahkeunana di desana,
di Opra. Ti dinya urang Israil mungkur ti
Allah tuluy nyembah ka eta arca. Gidion
sakulawargina jadi kasasabkeun ku eta arca.

²⁸Urang Midian geus eleh ku urang Israil, geus teu mangrupa deui ancaman. Ti dinya tanah teh kerta opat puluh taun lilana, nepi ka Gidion pupus.

²⁹Gidion geus mulih ka desana, tetep tumetep calikna di dinya.

³⁰Putrana aya tujuh puluh, kawantu geureuhana loba.

³¹Di Sekem ge aya selirna saurang. Ti eta selir kagungan putra hiji, jenenganana Abimelek.

³²Gidion putra Yoas pupus dina yuswa kacida sepuhna, dikurebkeunana di makam Yoas ramana, di Opra, desa kaom Abieser.

³³Sangeus Gidion pupus, urang Israil henteu satia deui ka Allah, ngabarakti ka Baal-baal. Maranehna nyieun Baal ngaranna Baal Berit, eta anu ku maranehna dipiallah.

³⁴Maranehna geus tara ngabakti deui ka PANGERAN Allahna, anu ngabelaan maranehna ti sakabeh musuh di sakurilingeunana.

³⁵Jeung taya pisan rasa tumarimana ka kulawarga Gidion, najan anjeunna sakitu bumelana ka urang Israil.

9 ¹Abimelek putra Gidion, nepangan wargi-wargi ibuna di Sekem,

²mundut dipangnepikeun kasauranana anu kieu ka urang Sekem, "Ari aranjeun naha mending diparentah ku sakabeh anak Gidion anu tujuh puluh, atawa ku saurang bae? Sing

inget, Abimelek teh getih daging aranjeun sorangan."

³Kasauranana kitu ku wargi-wargi ibuna ditepikeun. Seug urang Sekem rempug milih Abimelek, dumeh ka baraya.

⁴Abimelek ku maranehanana dibahanan duit tujuh puluh gebleg perak, beunang nyokot ti pura Baal Berit. Eta duit ku anjeunna dianggo nyewa jalma-jalma jahat dibawa sakait.

⁵Ti dinya anjeunna angkat ka bumi ramana di Opra. Saderek-saderekna anu tujuh puluh, putra-putra Gidion, ku anjeunna dipeuncitan hiji-hiji di dinya, dina hiji batu. Tapi aya saurang anu lolos, nya eta Yotam putra Gidion anu bungsu, lantaran nyumput.

⁶Geus kitu urang Sekem jeung urang Bet Milo kumpul di Sekem, handapeun tangkal kiara karamat, rek ngangkat Abimelek jadi rajana.

⁷Sanggeus hal eta kadangu ku Yotam, anjeunna unggah ka Gunung Gerisim, ngagero kieu ka maranehna ti puncak, "Eh urang Sekem, darengekeun ieu kuring, sarta muga-muga aranjeun oge didangu ku Allah!

⁸Sakali mangsa tatangkalan baradami arek milih pirajaeunana. Pok marenta ka tangkal jetun, Anjeun bae jadi raja.

⁹Tangkal jetun ngajawab, Ari kudu marentah ka aranjeun mah kuring teh kudu eureun ngabijilkeun minyak, heug eta teh paranti ngahormat dewa-dewa jeung manusa.

¹⁰Ti dinya tatangkalan teh marenta ka tangkal kondang, Anjeun bae jadi raja.

¹¹Jawab tangkal kondang, Ari kudu marentah ka aranjeun mah kuring teh kudu eureun bubuah, heug buah kuring teh kacida amisna.

¹²Tuluy tatangkalan teh marenta ka tangkal anggur, Anjeun bae jadi raja.

¹³Jawab tangkal anggur, Ari kudu marentah ka aranjeun mah kuring teh kudu eureun bubuah, heug eta teh paranti ngagumbirakeun dewa-dewa jeung manusa.

¹⁴Ku sabab kitu tatangkalan teh marenta ka rungkun cucuk, Anjeun atuh jadi raja.

¹⁵Jawab rungkun cucuk, Heug! Ari enya-enya mah hayang dirajaan ku kami. Pek geura ngariuhan di handapeun iuh-iuh kami. Tapi awas lamun henteu enya-enya, ieu regang-regang kami anu pinuh ku cucuk baris ngabijilkeun seuneu, terus ngahuru leuweung kiputri di Libanon."

¹⁶"Ayeuna," saur Yotam deui, "naha enya aranjeun milih Abimelek jadi raja teh kalawan maksud anu jujur tur hade? Seja ngahargaan kana jasa-jasa Gidion, seja narima kulawargina sakumaha layakna, satimbang jeung jasa-jasa Gidion?

¹⁷Sing inget, bapa kuring geus tarung kalawan nekad ngabelaan aranjeun, geus bibilasan naruhkeun nyawa keur ngajait aranjeun ti urang Midian.

¹⁸Kari-kari poe ieu aranjeun malik ngamusuh ka kulawarga bapa kuring. Tujuh puluh putrana ku aranjeun dipeuncitan hiji-hiji dina luhur batu anu eta-eta keneh, anu sahiji! Eta anak selir bapa kuring anu ngaran Abimelek, ku aranjeun dijieun raja di Sekem, pedah baraya!

¹⁹Lamun enya tea mah poe ieu aranjeun boga tekad anu lempeng sarta jujur ka Gidion jeung ka kulawargana, heug masing bagja boga raja Abimelek, kitu deui Abimelek masing senang ngarajaanana ka aranjeun.

²⁰Tapi lamun henteu kitu muga-muga ti Abimelek sing bijil seuneu anu ngahuru ka aranjeun urang Sekem jeung urang Bet Milo, sarta muga-muga ti urang Sekem jeung urang Bet Milo masing bijil seuneu nu ngaduruk Abimelek nepi ka beakna."

²¹Geus kitu, ku bawaning sieun ka Abimelek saderekna, Yotam terus kabur ka Beer, sarta calik di dinya saterusna.

²²Ari Abimelek marentahna ka urang Israil meunang tilu taun.

²³Ku kersaning Allah, Abimelek jeung urang Sekem jadi silih satru, urang Sekem barontak ka anjeunna.

²⁴Kitu kajadianana, kajahatan Abimelek jeung urang Sekem anu ngabantu anjeunna meuncitan tujuh puluh putra-putra Gidion, ayeuna meunang wawales.

²⁵ Urang Sekem nyieun tempat pamegatan di puncak-puncak gunung, pikeun nangkep Abimelek. Sakur anu ngaliwat ka dinya ku maranehna dirampog. Hal ieu geus diunjukkeun ka Abimelek.

²⁶ Geus kitu ka Sekem aya anu daratang, Gaal bin Ebed jeung dulur-dulurna, sarta maranehna dipercaya ku urang Sekem.

²⁷ Maranehanana arasup ka kebon angur urang Sekem, mpu buahna tuluy diperes diparake sukan-sukan. Los deui ka kuil dewan urang dinya, ngadon dalahar, ngarinum bari susumbar ngahina ka Abimelek.

²⁸ Kieu ceuk Gaal, "Urang di Sekem teh jadi naon? Na make kudu ngabdi ka Abimelek? Saha saenyana eta jelema teh? Anak Gidion! Ari Sebul wakilna di dieu, ngawula ka dinya. Urang mah keur naon ngawula ka dinya? Rek ngawula mah ka Hemor karuhun urang, anu ngarundaykeun kaom aranjeun!"

²⁹ Coba lamun kuring anu jadi kapala di dieu, eta si Abimelek teh moal teu disingkahkeun! Rek kieu kuring ngomong teh ka manehna, Pek pepekan deui balad maneh, urang tarung, urang ngadu kakuatan!"

³⁰ Sebul, kapala pamarentah kota eta, ngadenge ucap-ucapan Gaal kitu teh hatena ngentab.

³¹ Tuluy ngirim utusan ka Abimelek anu calikna di Aruma, mawa pesen kieu, "Aya jalmi arasup ka Sekem, Gaal bin Ebed sareng

dulur-dulurna, ngangsonan jalmi-jalmi sina
ngalawan ka anjeun.

³² Anjeun engke wengi kedah jengkar sareng
perjurit, lajeng ngintip di tegal.

³³ Enjingna wanci meletek srangenge
kedah ngadadak nyerang kota. Upami Gaal
sabaladna kaluar ngayonan, gempur sakiat
tanaga."

³⁴ Seug Abimelek sabalandna jengkar
peuting-peuting, tuluy ngintip di luareun
Sekem. Baladna dibagi opat bagian.

³⁵ Barang katembong Gaal kaluar sarta
ngajanteng di lawang kota, balad Abimelek
carengkat tina panyumputanana.

³⁶ Katenjoeun ku Gaal, pok manehna
ngomong ka Sebul, "Tenjo! Itu loba
jelema tarurun ti puncak gunung." Walon
Sebul, "Eta mah lain jelema, kalangkang
gunung-gunung."

³⁷ Gaal pok deui, "Tenjo! Itu loba jelema
tarurun ti poponclot gunung. Itu sabubuhan
deui turut-turut jalan ka dieukeun ti lebah
tangkal kiara paranti tukang-tukang torah!"

³⁸ Ari ceuk Sebul, "Mana buktina omongan
anjeun anu sakitu suabana teh? Kapan
ceuk anjeun keneh, keur naon urang make
kudu ngawula ka eta jelema anu ngaran
Abimelek. Tuh itu teh balad manehanana,
anu ku anjeun ditangtang tea. Papag ka ditu,
ayonan!"

³⁹ Tuluy Gaal ngapalaan urang Sekem ngayonan Abimelek.

⁴⁰ Gaal kabur, tapi ku Abimelek diudag. Geus loba baladna anu tararatu, kitu deui anu di lawang kota.

⁴¹ Abimelek terus calik deui di Aruma. Ari Gaal sadulur-dulur geus teu bisa ngancik deui di Sekem, ditundung ku Sebul.

⁴² Poe isukna, kauninga ku Abimelek yen urang Sekem rek ka taregal.

⁴³ Seug anjeunna ngumpulkeun balad, dibagi tilu bagian sina ngarintip di tegal. Barang urang dinya kalaluar ti jero kota, anjeunna bijil ti panyumputan rek mimiti ngagempur.

⁴⁴ Sabot Abimelek jeung baladna maju gagancangan rek megat di lawang kota, anu dua pasukan deui narajang ka nu geus araya di tegal. Anu ditarajang beak dipaahan kabeh.

⁴⁵ Sanggeus tarung sapoe jeput, eta kota geus beunang ku Abimelek, jelema-jelemana dipaahan, kotana diacak-acak tuluy diawuran ku uyah.

⁴⁶ Barang pamingpin-pamingpin di benteng Sekem ngadarenge hal eta, tuluy marubus nyiar pisalameteun ka guha anu aya di jero pura Baal Berit.

⁴⁷ Abimelek geus dibejaan yen maranehanana kumpul di dinya.

⁴⁸ Seug anjeunna nanjak ka Gunung Salmon jeung baladna. Anjeunna nyandak kampak nutuh daham kai tuluy dipanggul. Baladna oge

diparentah sina buru-buru nutuh dahan kai
cara anjeunna.

⁴⁹Tiap perjurit nutuhan dahan kai,
tuluy naluturkeun ka Abimelek. Kai teh
dibegbregkeun dina liang guha nu keur
diparake nyumput, tuluy dihuru. Nu aya di
jero, anu lobana kira-kira sarebu urang, lalaki
jeung awewe, kabeh paraeh.

⁵⁰Ti dinya Abimelek ngepung kota Tebes,
sarta tuluy ditalukkeun.

⁵¹Di eta kota aya hiji munara kacida
wewegna. Pangeusi kota eta, lalaki, awewe,
katut para pamingpinna lalumpatan ka dinya,
tuluy ngonci maneh di jero, naraek ka tempat
nu pangluhurna.

⁵²Barang datang ka dinya arek ngagempur
eta munara, Abimelek nanjak ngadeukeutan
pantona, maksudna eta panto rek dihuru.

⁵³Tapi ti luhur munara aya awewe
ngaragragkeun batu panggilingan, ninggang
kana sirahna nepi ka rengat.

⁵⁴Geuwat anjeunna nyaur budak ngora
purah mawa pakarang anjeunna, pok
marentah, "Cabut eta pedang, sabetkeun ka
kami. Kami embung kasebutkeun paeh ku
awewe." Seug budak ngora teh narajang ka
anjeunna, seug anjeunna maot.

⁵⁵Sanggeus kanyahoan Abimelek maot,
urang Israil baralik ka imah-imahna.

⁵⁶Ku jalan kitu Allah ngabales kajahatan
Abimelek anu geus hianat ka ramana,

meuncitan saderek-saderekna anu tujuh puluh tea.

⁵⁷ Kitu deui kajahatan urang Sekem ku Allah dibales. Maranehna jadi salangsara, cocog jeung ucapan Yotam putra Gidion waktu nyumpahan ka maranehanana.

10¹ Sanggeus Abimelek maot, Tola bin Pua putu Dodo jadi pamingpin, ngabebaskeun Israil. Anjeunna asal ti kaom Isaskar, calikna di Samir di daerah pagunungan Epraim.

² Dua puluh tilu taun lilana anjeunna jadi pamingpin di Israil, tuluy pupus sarta dikurebkeun di Samir.

³ Sanggeus Tola, urang Israil dipingpin ku Yair urang Gilad. Jadi pamingpinna meunang dua puluh dua taun.

⁴ Anjeunna kagungan tilu puluh putra pameget anu tarumpak kalde. Putra-putrana kagungan tilu puluh kota di tanah Gilad, anu nepi ka ayeuna disebut desa-desa Yair.

⁵ Yair pupus sarta dikurebkeun di Kamon.

⁶ Urang Israil geus dosa deui ka PANGERAN, nyarembah ka dewa-dewa Baal jeung ka Astoret, kitu deui ka allah-allahna urang Siria, urang Sidon, urang Moab, urang Amon jeung urang Pelisti. Geus malungkur ti PANGERAN, henteu ngabakti deui ka Mantenna.

⁷ Ku lantaran kitu PANGERAN bendu ka urang Israil, tuluy maranehanana diselehkeun ka urang Pelisti jeung ka urang Amon.

⁸Dalapan belas taun lilana ieu dua bangsa ngagencet jeung nganiaya urang Israil nu maratuh di kotana urang Emor wetaneun Walungan Yordan di tanah Gilad.

⁹Malah urang Amon mah nepi ka meuntasan Yordan merangan ka kaom Yuda, kaom Binyamin jeung kaom Epraim. Israil kacida ngarasa prihatinna.

¹⁰Seug urang Israil teh sasambat ka PANGERAN, bari kieu piunjukna, "Abdi sadaya rumaos dosa, parantos mungkur ti Gusti, Allah abdi sadaya, ngabakti ka Baal-baal."

¹¹Ngawaler PANGERAN ka maranahanan, "Bareto maraneh teh dikaniaya ku urang Mesir, urang Emor, urang Amon, urang Pelisti,

¹²urang Sidon, urang Amalek jeung urang Maon. Maraneh sasambat ka Kami. Lain maraneh teh geus ditulungan ku Kami, leupas ti maranahanan?

¹³Parandene maraneh masih bae nukangan ka Kami, ngabarakti ka allah-allah anu sejen. Ku sabab eta Kami moal rek nulungan deui.

¹⁴Ka ditu bae sasambat ka dewa-dewa meunang maraneh milih tea. Keun sina maranehna anu nulungan mun maraneh meunang kasusah."

¹⁵Tapi piunjuk urang Israil ka PANGERAN, "Abdi sadaya rumaos dosa. Mangga sanaos bade dikua-kieu oge, nanging mugi kersa maparin pitulung ayeuna pisan."

¹⁶ Geus kitu, maranehanana henteu ngabarakti deui ka allah-allah sejen, tapi ngabarakti ka PANGERAN. Mantenna jadi pohara ngangresna ku kaprihatinan Israil teh.

¹⁷ Geus kitu urang Amon natakeun balad arek indit perang, mangkalan di Gilad. Urang Israil kumpul, tuluy mangkalan di Mispa wewengkon Gilad.

¹⁸ Di dinya para pamingpin kaom-kaom Israil silih tanya, "Saha anu sanggup ngapalaan ieu perang ngalawan urang Amon? Sing saha anu sanggup, eta baris jadi kapala saeusi tanah Gilad."

11 ¹Aya hiji prajurit anu leber ku wawanen, jenenganana Yepta, putra Gilad ti hiji awewe palacuran.

²Ti geureuhana anu sah anjeunna kagungan sababaraha putra. Sanggeus sawawa, aranjeunna nyesedek sangkan Yepta ingkah. Salaurna, "Maneh mah moal meunang warisan naon-naon ti bapa kami; maneh mah teu saindung."

³Yepta ingkah ti saderek-saderekna, tuluy calik di tanah Tob. Di dinya anjeunna narik hate jalma-jalma jahat, anu tuluyna ngahiji jeung anjeunna.

⁴Heuleut sawatara lila, urang Israil diperangan ku urang Amon.

⁵Barang mimiti der, para pamingpin Gilad arangkat ka tanah Tob ngangkir Yepta.

⁶Salaurna, "Mugi anjeun kersa mingpin perang malar urang kuat ngayonan urang Amon."

⁷Ari saur Yepta, "Ongkoh bareto aranjeun sakitu mikangewana ka kuring, nepi ka tega nyingkahkeun kuring ti imah bapa. Ayeuna keur meunang kasusah, wet daratang ka kuring."

⁸Walon aranjeunna ka Yepta, "Leres kitu, maksad teh seja ngajak, mugi kersa ngiring merangan urang Amon, mingpin sadaya urang Gilad."

⁹Saur Yepta ka aranjeunna, "Upama kuring kudu balik pikeun merangan urang Amon, tur engke ku PANGERAN dikersakeun unggul, kuring menta supaya jadi kapala aranjeun."

¹⁰Walonna, "Mangga satuju. PANGERAN saksina."

¹¹Yepta tuluy ngiring ka para pamingpin Gilad, ku urang Gilad tuluy diangkat jadi kapala jeung pamingpin. Seug Yepta ngadamel sarat-saratna di Mispa, di payuneun PANGERAN.

¹²Yepta ngutusan ka raja Amon, ngemban saur kieu, "Naon sababna anjeun narajang ka tanah kuring?"

¹³Ngawaler raja Amon ka eta utusan, "Waktu urang Israil daratang ti Mesir geus ngarampas tanah ti semet Walungan Arnon nepi ka Walungan Yabok jeung Walungan

Yordan. Eta kudu dipulangkeun kalawan
repeh-rapih."

¹⁴ Utusan teh ku Yepta diutus deui ka raja
Amon,

¹⁵ ngemban waleran kieu, "Teu pisan-pisan
urang Israil ngarampas tanah Moab atawa
tanah Amon.

¹⁶ Kieu anu saenyana: Waktu urang Israil
ninggalkeun Mesir, jalanna nyorang gurun
keusik, terus ka Teluk Akaba, bras ka Kades.

¹⁷ Ti dinya ngutusan ka raja Edom, menta
idin rek ngaliwat ka tanahna. Tapi raja
Edom teu ngidinan. Ka raja Moab oge menta
idin, tapi ku ieu ge teu diidinan ngaliwat ka
tanahna. Urang Israil kapaksa ngendek di
Kades.

¹⁸ Geus kitu urang Israil neruskeun lampahna
nyorang gurun keusik, jalanna muteran
tanah Moab jeung tanah Edom, seug nepi ka
wetaneun tanah Moab peuntaseun Walungan
Arnon beulah ditu. Seug sarta masang kemah
di dinya. Tapi henteu nepi ka meuntas
eta walungan, lantaran nyaho eta mah geus
wates tanah Moab.

¹⁹ Ti dinya urang Israil ngutusan ka Sihon,
raja urang Emor di Hesbon, menta idin
ngaliwat ka tanahna, arek terus ka tanah
milikna sorangan.

²⁰ Raja Sihon henteu ngidinan ka Israil,
anggur ngumpulkeun baladna kabeh, sarta

masang kemah di Yahas, tuluy narajang ka Israil.

²¹ Tapi PANGERAN, Allahna Israil, ngersakeun Israil unggul bisa ngelehkeun Sihon sabalandna. Wewengkon urang Emor satanah eta ku urang Israil dijabel,

²² terus dicaricingan ti semet Walungan Arnon di beulah kidul nepi ka Walungan Yabok di beulah kaler, ti semet gurun keusik di beulah wetan, nepi ka Walungan Yordan di beulah kulon.

²³ Nya PANGERAN, Allahna Israil, anu ngusir urang Emor pikeun umat-Na, urang Israil.

²⁴ Naon sababna eta ayeuna ku anjeun rek dicoba-coba dicokot deui? Pek eta sagala pamere Kamos batara anjeun teh ari rek dibelaan mah. Sabalikna kuring oge wajib ngabelaan sagala rupa anu geus dipaparinkeun ku PANGERAN Allah kuring.

²⁵ Naha ceuk pangrasa anjeun, anjeun teh leuwih hade ti batan Balak bin Sipor, raja Moab? Na kungsi eta raja teh nangtang ka Israil? Na kungsi anjeunna merangan ka pihak kuring?

²⁶ Geus tilu ratus taun Israil nyicingan Hesbon jeung Arur katut pilemburan-pilemburan sakurilingeunana, kitu deui sakabeh kota anu pernahna di sisi-sisi Walungan Arnon. Ku naon ku anjeun henteu direbut dina mangsa-mangsa eta?

²⁷ Henteu, kuring teu salah teu naon ka anjeun. Sabalikna anjeun anu nyieun goreng arek merangan. Mugi-mugi PANGERAN anu jumeneng hakim, poe ieu nangtukeun hukum-Na kana perkara urang Israil jeung urang Amon."

²⁸ Eta kasauran Yepta ku raja Amon henteu dipirosea.

²⁹ Geus kitu Roh PANGERAN tumerap ka Yepta. Anjeunna angkat nyorang tanah Gilad jeung tanah Menase, mulih deui nganggo jalan ka Mispa di wewengkon Gilad, lajeng ka tanah Amon.

³⁰ Anjeunna kaluar nadar ka PANGERAN, saurna, "Madak abdi ku anjeun dikersakeun tiasa ngelehkeun urang Amon,

³¹ ana abdi wang sul unggul jurit, abdi sumeja ngahaturkeun jalmi anu pangheulana kaluar ti rorompok mapagkeun abdi. Eta bade diduruk didamel kurban ka PANGERAN."

³² Geus kitu Yepta meuntasan walungan seja merangan urang Amon. Kersaning PANGERAN perangna unggul.

³³ Urang Amon ku anjeunna dibabad ti semet Arur nepi ka wewengkon sakurilingeun Minit, dua puluh kota kabehna, malah terus nepi ka Abel Keramim. Urang Amon dicacar bebeakan, kasoran ku urang Israil.

³⁴ Sanggeus Yepta sumping ka bumina di Mispa, putrana anu geus parawan kaluar

mapagkeun, igel-igelan bari nabeuh terebang.
Eta teh putra tunggalna.

³⁵ Barang Yepta ningali kitu, anjeunna nyosoeh anggoan bawaning ku nalangsa, sarta lahirna, "Aduh anaking! Ieu hate Ama kiamat. Naha bet enung pisan anu ngajejewet hate Ama teh? Ama teh geus sumpah ka PANGERAN, teu bisa diletak deui."

³⁶ Putrana ngawangsul, "Upami parantos sumpah ka PANGERAN mah, mangga teh teuing abdi pidamel sakumaha anu ku Ama parantos diikrarkeun, margi Ama ku PANGERAN parantos dikersakeun unggul iasa ngelehkeun musuh Ama, urang Amon."

³⁷ Saurna deui ka ramana, "Mung abdi aya panuhun, nyuhunkeun tempo dua sasih bade nepangan rerencangan, teras ngumbara ka gunung-gunung, sumeja nyeungceurikan diri sorangan, kedah maot parawan keneh."

³⁸ Ku ramana seug dijurung, dipaparin waktu dua bulan. Bral indit jeung batur-baturna ka gunung-gunung, ngadon nangisan salira kudu pupus memeh kagungan jodo, bujeng-bujeng dugi ka puputra heula.

³⁹ Sanggeus dua bulan, balik deui ka ramana. Ku ramana dilakonan sakumaha anu geus diikrarkeun ka PANGERAN. Nyi mojang teh maot parawan keneh. Hal eta saterusna jadi adat di Israil,

⁴⁰ nya eta, unggal mojang saban-saban taun kudu lunta heula opat poe, pikeun

nyeungceurikan putra awewe Yepta urang Gilad.

12¹ Urang Epraim mangsa harita tandang arek perang, tuluy arindit meuntasan Walungan Yordan muru ka Sapon. Maranehna nyarita ka Yepta, "Ku naon maneh indit merangan urang Amon teh teu ngajak kuring? Ayeuna kuring rek ngaduruk maneh saeusimah!"

²Ku Yepta diwaler kieu, "Basa urang Gilad jeung urang Amon paketrok nemen pisan, kuring menta tulung ka aranjeun ngabantu ngabebaskeun kuring jeung urang Gilad ti urang Amon, tapi aranjeun teu narulungan.

³Sanggeus terang yen aranjeun embung pipilueun, kuring nekad ngetohkeun nyawa, asup ka daerah musuh rek merangan. Ku karana PANGERAN, kuring bisa ngelehkeun musuh. Jadi naon sababna ayeuna aranjeun arek merangan ka kuring?"

⁴Geus kitu Yepta ngumpulkeun urang Gilad pikeun merangan urang Epraim. Urang Epraim eleh. (Eta urang Epraim geus ngomong kieu, "Maraneh urang Gilad di Epraim jeung di Menase, maraneh teh kakaburan ti Epraim!")

⁵Sangkan urang Epraim ulah aya nu lolos, tempat-tempat sisi Walungan Yordan anu kira-kira bisa dipake meuntas, ku urang Gilad direbut. Ana aya urang Epraim menta idin meuntas arek nyoba-nyoba kabur, ku urang

Gilad ditanya, "Maneh urang Epraim?" Upama jawabna, "Lain,"

⁶terus dititah ngucapkeun "Syibolet". Urang Epraim ngucapkeunana teh "Sibolet", teu bisaeun bentes. Upama geus kitu eta jelema ditewak tuluy dipaahan di dinya keneh, di salah sahiji peupeuntasan Walungan Yordan. Harita urang Epraim anu diparaahan teh nepi ka opat puluh dua rebu jelema.

⁷Yepta jenengna pamingpin di urang Israil meunang genep taun. Tuluy pupus, dikurebkeun di kota Mispa di Gilad.

⁸Sanggeus Yepta, anu jadi hakim urang Israil teh Ibsan urang Betlehem.

⁹Anjeunna kagungan tilu puluh putra lalaki, tilu puluh putra awewe. Putra-putrana nu awewe dijodokeunana ka urang kaom sejen. Ari ti kaom luar anjeunna nyandak tilu puluh mojang dijodokeun ka putra-putrana anu pameget. Ibsan ngapalaanana ka Israil meunang tujuh taun,

¹⁰tuluy pupus sarta dikurebkeun di Betlehem.

¹¹Sanggeus Ibsan, anu jadi hakim urang Israil teh Elon ti Sebulun. Ngapalaanana meunang sapuluh taun,

¹²tuluy pupus, dikurebkeun di Ayalon, di wewengkon Sebulun.

¹³Sanggeus Elon, hakim urang Israil teh Abdon bin Hilel ti Piraton.

¹⁴ Anjeunna kagungan opat puluh putra pameget jeung tilu puluh putu pameget anu masing-masing baroga kalde tunggang hiji sewang. Abdon mingpinna ka Israil meunang dalapan taun,

¹⁵ tuluy pupus, dikurebkeun di Piraton wewengkon Epraim, di pagunungan urang Amalek.

13¹ Urang Israil milampah dosa deui ka PANGERAN, sarta ku Mantenna diselehkeun ka urang Pelisti, dijajah nepi ka opat puluh taun.

² Jaman eta aya hiji jelema, ngaranna Manoah, urang Sora, anggota kaom Dan. Ari bojona gabug.

³ Ti dinya malaikat PANGERAN nembongan ka bojo Manoah sarta ngandika, "Nepi ka ayeuna maneh acan keneh boga anak. Tapi moal lila deui maneh bakal kakandungan tuluy ngajuru, budakna tangtu lalaki.

⁴ Maneh kudu pantrang, teu meunang nginum anggur atawa inuman keras, teu meunang dahar kadaharan anu diharamkeun.

⁵ Upama budak geus lahir, buukna ulah dicukuran, sabab ti barang borojolna geus diabdiikeun ka Allah jadi Nasir. Manehna nu baris ngajait urang Israil ti urang Pelisti."

⁶ Eta wanita bebeja ka salakina, "Bieu kuring kasumpingan utusan Allah. Pamuluna lir malaikat PANGERAN, kacida pikagimireunana. Ku kuring teu ditanyakeun anjeunna teh

nu ti mana, kitu deui anjeunna oge henteu ngenalkeun jenenganana.

⁷ Saurna kuring teh bakal ngandung, bakal boga anak lalaki. Saurna deui kuring kudu pantrang, teu meunang nginum anggur atawa inuman keras, teu meunang dahar kadaharan anu diharamkeun, sabab budak teh pijadieun Nasir Allah saumur-umur."

⁸ Seug Manoah neneda ka PANGERAN, "Nun PANGERAN, mugi eta utusan Allah anu nembe sumping teh sina sumping deui maparin keterangan perkawis budak, upami parantos lahir kedah kumaha ngurusna."

⁹ Paneda Manoah ku Allah dikabul, malaikat-Na sumping deui ka eta wanita, waktu manehna keur diuk di kebon, sorangan henteu jeung salakina.

¹⁰ Harita keneh manehna lumpat ka salakina, sarta pokna, "Itu utusan anu kamari ieu teh sumping deui ka kuring."

¹¹ Manoah geuwat nuturkeun bojona nepungan tamu, seug tumaros, "Juragan teh anu kamari ieu cacarios sareng pun bojo?" Tamu ngawaler, "Enya."

¹² Manoah tumaros deui, "Saupami pilahir Juragan teh parantos buktos, eta budak kedah kumaha, kumaha pilampaheun hirupna?"

¹³ Waler malaikat, "Bojo maneh kudu tigin ngalakonan hal-hal anu ku Kami geus diomongkeun ka dirina.

¹⁴ Naon bae anu asal tina tangkal anggur teu meunang didahar, anggur atawa inuman keras teu meunang, kitu deui kadaharan-kadaharan anu diharamkeun. Sakur anu ku Kami diomongkeun ka manehna kudu dilampahkeun."

¹⁵ (13: 15-16) Manoah teu terangeun yen eta teh malaikat PANGERAN, ku sabab kitu pok unjukan kieu, "Ulah waka mulih. Tuang heula, bade dipangnyayagikeun anak embe." Tapi saur malaikat, "Najan diandeg ge susuguh maneh ku Kami moal didahar. Tapi ari rek nyadiakeun mah pek bae, tuluy duruk jieun kurban ka PANGERAN."

¹⁶ (13: 15)

¹⁷ Manoah unjukan deui, "Neda wartos, saha salira teh, supados di mana pilahir Juragan tea buktos, abdi tiasa nyanggakeun panghormat."

¹⁸ Malaikat teh mariksa, "Keur naon hayang nyaho ngaran Kami? Eta ngaran teh ajaib."

¹⁹ Geus kitu Manoah nyokot hiji anak embe jeung tuangeun saperluna, tuluy diteundeun dina luhur altar cadas, dikurbankeun ka PANGERAN, anu terus ngadamel kaajaiban.

²⁰ (13: 20-21) Waktu seuneu kurban geus luhur tina altar, katingal ku Manoah jeung bojona, malaikat teh mumbul ka langit di jero gedagna seuneu. Manoah kakara eling, yen eta anu bieu teh malaikat PANGERAN, bruk bae manehna jeung bojona sujud kana

taneuh. Ti harita malaikat teh teu nembongan deui.

²¹ (13: 20)

²²Ceuk Manoah ka bojona, "Urang geus nenjo Allah, tangtu urang paeh."

²³Tapi ceuk bojona, "Upama enya PANGERAN bade nyabut nyawa urang, piraku tadi kersaeun nampi kurban urang; moal tepi ka mintonkeun itu mintonkeun ieu, moal ngadawuhkeun sagala perkara nu tadi ka urang."

²⁴Gancangna eta wanita teh ngalahirkeun, orokna lalaki, kakasihna Simson. Murangkalih beuki ageung, ku PANGERAN diberkahan.

²⁵Waktu anjeunna keur aya di antara Sora jeung Estaol di pakemahan Dan, kakawasaan PANGERAN mimiti maparin kabedasan ka anjeunna.

1 4¹Dina hiji poe Simson angkat, mudun ka Timna. Di dinya anjeunna ningali hiji mojang urang Pelisti.

²Ari mulih terus wawartos ka ibu ramana, "Di lebak, di Timna, abdi kapincut ku hiji mojang urang Pelisti. Nyuhunkeun dipanglamarkeun, bade ditikah."

³Ceuk ibu ramana, "Ku naon hayang bojoan ka urang Pelisti, bangsa nu teu disunat? Na di golongan urang, di bangsa urang, geus teu manggih pibojoeun?" Tapi waler Simson, "Abdi mah keukeuh hayang ka manehna,

mugi dipanglamarkeun. Ka dinya kasuka abdi."

⁴Sepuhna teu terangeun, yen eta kapalay Simson teh geus kitu dikersakeunana ku PANGERAN, sabab PANGERAN keur milari jalan keur merangan urang Pelisti. Harita urang Pelisti teh ngajajah ka Israil.

⁵Ti dinya Simson mudun ka Timna jeung ibu ramana. Barang geus araya di hiji kebon anggur, anjeunna ngadangu sora singa ngagaur.

⁶Ku kakawasaan PANGERAN, Simson ngadak-ngadak jadi bedas. Singa teh ditongtak ku pananganana bae tuluy disasaak kawas ka anak embe bae. Tapi anjeunna teu wawartos ka ibu ramana mah.

⁷Ti dinya Simson angkat nepangan mojang tea sarta cacarios jeung eta. Simson resepeun ka eta mojang.

⁸Heuleut sawatara poe ti harita, Simson ka ditu deui seja nikah. Di tengah jalan anjeunna nyimpang heula ningalian singa anu kamari ieu dipaehan ku anjeunna. Anjeunna melengek, dina bangke singa teh aya sayang nyiruan tur geus aya maduna.

⁹Seug maduna dikeduk kana dampal panangan, tuluy dituang bari angkat. Anjeunna terus nepangan ibu ramana, masihkeun eta madu sawareh ka aranjeunna sarta ku aranjeunna eta madu teh dituang.

Tapi ku Simson teu dicarioskeun yen eta
madu teh kenging nyandak tina bangke singa.

¹⁰Sanggeus ramana angkat ka imah mojang
tea, Simson ngadamel pesta di dinya,
lantaran geus kitu kabiasaanana barudak
ngora.

¹¹Barang urang Pelisti nyarahoeun,
seug ngajurung tilu puluh nonoman sina
ngarencangan ka anjeunna.

¹²(14:12-13) Simson misaur ka
maranehanana, "Aya tarucing. Lamun
kateguh, aranjeun masing-masing baris
meunang lawon anu lemes salambar jeung
papakean anu alus keur pisalin. Kudu kateguh
memeh poe katujuh sabada ieu pesta nikah.
Lamun teu kateguh, aranjeun anu kudu mere
ka kuring lawon lemes jeung baju nu alus
sasetel." Ari ceuk maranehanana, "Jadi!
Kumaha tarucingna?"

¹³(14:12)

¹⁴Saurna, "Ti nu dahar bijil kadaharan, ti
nu bedas bijil nu amis." Geus tilu poe eta
tarucing acan kateguh.

¹⁵Dina poe kaopatna maranehna daratang
ka geureuha Simson, aromongna, "Cik
salaki maneh olo sina ngabejakeun eusi
tatarucingan tea. Lamun maneh henteu
nurut, engke imah bapa maneh rek dihuru,
maneh oge rek diduruk sakalian. Maraneh
ngondang kami teh ngarah kami beunang
dirampog, lain?"

¹⁶ Seug garwana nepangan ka anjeunna, unjukan bari rambay cipanon, "Akang mah teu nyaah ka abdi, ngewa ka abdi teh! Akang mere tarucing ka rerencangan, abdi teu dipasihan terang eusina!" Ari walerna, "Nyai, cacakan ka indung bapa sorangan ku Akang teu dibejakeun. Piraku ari ka Nyai kudu?"

¹⁷ Garwana ceurik bae salila pesta nikahna anu tujuh poe tea. Dina poe anu katujuh, ku sabab kacida dipaksana ku garwa, eusi tarucing teh diwartoskeun. Ku garwana tuluy dibejakeun ka urang Pelisti.

¹⁸ Dina poe katujuhna memeh Simson lebet ka pangkuleman, urang dinya ngaromong kieu ka anjeunna, "Naon nu leuwih amis ti batan madu? Naon nu leuwih bedas ti batan singa?" Waler Simson, "Lamun ngawulukuna lain ku sapi kuring anu bikang, pamohalan ku aranjeun bisa kateguh."

¹⁹ Ku kakawasaan PANGERAN, harita anjeunna jadi ngadak-ngadak bedas. Gejlig angkat, mudun ka Askelon, tuluy maehan tilu puluh jelema di dinya, papakeanana nu aralus dirangsadan, diselehkeun ka jelema-jelema anu neguh tarucing. Geus kitu mulih bari jengkel ku nu enggeus kajadian.

²⁰ Ari garwana ku mertuana dibikeun ka hiji jelema anu ngagendeng anjeunna waktu nikah tea.

1 5¹ Heuleut sawatara waktu, keur usum dibuat gandum, Simson angkat seja

mendakan garwana, nyandak anak embe. Ari saurna ka rama garwana, "Abdi bade ka pangkeng pun bojo." Tapi ku eta dihalangan,

²pokna, "Sugan teh enya hidep geus teu suka ka anak Bapa, anu matak ku Bapa teh dibikeun ka batur hidep keneh. Tapi aya adina, leuwih geulis. Pek eta keur hidep, gagantina."

³Saur Simson, "Ayeuna mah, lamun abdi nyieun kitu nyieun kieu ka urang Pelisti, geus lain salah abdi deui."

⁴Bral bae angkat, tuluy newakan ajag meunang tilu ratus siki, seug ditalian dua-dua, buntutna dikantetkeun. Lebah patumbuna diteundeunan obor.

⁵Oborna diseungeutan, tuluy ajagna dikencar-kencarkeun ka pibuateun urang Pelisti. Ku lantaran kitu, anu kahuru teh lain ngan gandum anu geus ditumpuk bae, anu acan dipibuatan oge kahuru, malah kebon jetunna oge milu kahruuan.

⁶Sanggeus ku urang Pelisti disusud saha anu boga gawe, kanyahoan yen ku Simson, dumeh garwana ku mertuana, urang Timna tea, dibikeun ka rerencanganana. Seug eta wanita teh ku urang Pelisti diduruk, imah bapana oge dihuru.

⁷Saur Simson ka maranehanana, "Kitu kutan peta maraneh! Aing sumpah, moal waka eureun sapanjang can bisa ngabales!"

⁸Der anjeunna narajang rosa pisan, nepi ka kacida lobana urang Pelisti anu paraeh. Geus kitu anjeunna angkat, terus calik di hiji guha cadas di Etam.

⁹Geus kitu urang Pelisti arindit, nyieun pakemahan di Yuda, tuluy narajang kota Lehi.

¹⁰Urang Yuda daratang nanyakeun, "Ku naon narajang ka dieu?" Jawabna, "Arek ngabarogod Simson, rek dibales sakumaha kalakuanana ka kami."

¹¹Seug tilu rebu urang Yuda arindit ka guha cadas di Etam, kieu pokna ka Simson, "Na teu uninga yen urang Pelisti teh dunungan urang? Ku naon anjeun nyusahkeun ka kuring?" Waler Simson, "Kuring mah sakadar ngabales kana kalakuan maranehanana."

¹²Ceuk urang Yuda, "Kuring ka dieu teh arek ngabarogod anjeun, rek diserenkeun ka urang Pelisti." Saur Simson, "Tapi aranjeun kudu sumpah, yen aranjeun pribadi mah moal maehan ka kuring."

¹³Tembal maranehanana, "Ngan seja ngabarogod wungkul, tuluy dipasrahkeun ka urang Pelisti. Paliyas teuing maehan mah." Ti dinya Simson ditarogod ku dua tambang anu weuteuh keneh, tuluy diiringkeun ti dinya.

¹⁴Barang sumping ka Lehi, anjeunna ku urang Pelisti dipapag ku surak bari diburu. Saharita keneh anjeunna kasumpingan kakawasaan PANGERAN, ngadak-ngadak tanagana jadi rongkah. Tali anu ngabarogod

pananganana dipegatkeun, kawas megatkeun benang tutung kabeuleum bae.

¹⁵ Beh anjeunna mendak tulang cacapek kalde baseuh keneh, top dipulung, tuluy dianggo ngababukan urang Pelisti, nepi ka aya sarebu urang anu paraeh ku eta.

¹⁶ Geus kitu Simson ngawih, "Ku tulang cacapek kalde sapotong, kami maehan sarebu jalma. Ku tulang cacapek kalde sapotong, kami numpukkeun bangke-bangkena."

¹⁷ Sanggeus ngahariring, lung cacapek kalde teh dialungkeun. Ari tempat kajadianana disebutna Ramat Lehi.

¹⁸ Geus kitu Simson ngaraos pohara halabhabna, seug sasambat ka PANGERAN, "Abdi ku Anjeun parantos dikersakeun sakitu unggulna. Dupi ayeuna, naha abdi teh kedah maot ku bawaning halabhab, sareng kedah beunang ku urang Pelisti, bangsa anu henteu disunatan?"

¹⁹ Lajeng Allah di Lehi muka liang handapeun cadas, seug aya cai bijil ti dinya. Regot Simson ngaleueut, salirana karaos seger meueusan. Eta cinyusu dingaranan Hakor, nu tetep aya di Lehi tepi ka ayeuna.

²⁰ Lilana Simson jeneng hakim di Israil dua puluh taun, nya eta jaman tanah Israil dijajah ku urang Pelisti.

16¹ Dina hiji poe Simson angkat ka kota Gasa. Di ditu tepang jeung hiji dayang, anjeunna kulem di dinya.

²Urang Gasa nyarahoeun Simson aya di dinya, seug ngepung eta tempat bari ngadarago di lawang kota, ngadedempes sapeupeuting. Ceuk angkeuhanana masing-masing, "Rek didago tepi ka isuk, tuluy dipaehan."

³Tapi Simson mondokna di dinya teu nepi ka isuk. Tengah peuting anjeunna hudang, tuluy angkat ka gapura kota. Eta gapura terus dirabut, panto-pantona, tihang-tihangna, tulak-tulakna jeung sagala nu nempel ka dinya kabawa. Dipundak, dicandak nanjak ka luhur pasir anu paeunteung-eunteung jeung Hebron.

⁴Sanggeus eta, Simson mikacinta Delila, awewe urang Lebak Sorek.

⁵Ti dinya lima raja urang Pelisti daratang ka eta awewe, ngaromong kieu, "Olo Simson ku maneh sina buka rusiah, ti mana boga tanaga rongkah kitu. Akalan sangkan ku kami bisa dikawasaan. Tuluy barogod sina ulah bisa hojah. Engke maneh dibere uang perak sarebu saratus sewang ti kami masing-masing."

⁶Carek Delila ka Simson, "Cobi wartoskeun, naon anu ngalantarankeun Akang bedas kitu. Upami aya nu hayang nalikung nepi ka Akang teu tiasa nanaon, kedah kumaha?"

⁷Waler Simson, "Talian Akang ku tujuh lambar tali gondewa anu anyar jeung baseuh

keneh, tangtu Akang leuleus moal beda ti nu sejen."

⁸Delila ku raja-raja Pelisti dibere tujuh lambar tali gondewa anu anyar jeung baseuh keneh, tuluy dipake ngabarogod Simson.

⁹Di kamar sejen Delila geus nyumputkeun jelema sababaraha urang. Geus kitu manehna ngagero, "Simson! Urang Pelisti daratang!" Jemprung tali gondewa teh tujuh lambaranana dipegatkeun ku Simson, lir benang kaantelan seuneu. Rusiah kabedasanana tetep ku maranehanana henteu kabuka.

¹⁰Carek Delila ka Simson, "Akang mah! Kalah ka ngabobodo, sanes nyarios anu leres. Cobi ayeuna wartoskeun kedah ku naon ditarogodna?"

¹¹Ari walerna, "Ku tambang weuteuh anu acan pisan dipake. Tangtu Akang leuleus moal beda ti nu sejen."

¹²Delila nyokot sababaraha tambang weuteuh tuluy ditarogodkeun ka anjeunna. Delila ngagero, "Simson! Urang Pelisti daratang!" Harita di kamar sejen geus aya sababaraha jelema. Tapi tambang anu ngabarogod pananganana teh ku anjeunna dipegatkeun, kawas megatkeun benang bae.

¹³Carek Delila ka Simson, "Akang mah ngaheureuykeun keneh bae, henteu leres-leres. Kedah ditarogod ku naon Akang teh?" Ari walerna, "Lamun ieu buuk Akang anu tujuh untun digubed ku benang tuluy

dibeulitkeun kana pakan tinun sarta dipaseuk masing pageuh, tangtu Akang leuleus moal beda ti nu sejen."

¹⁴ Simson ku Delila disina kulem, dihariringan. Tuluy rambutna anu tujuh unut digubed-gubedkeun kana pakan tinun, terus dipaseuk pageuh pisan. Delila ngagero, "Simson! Urang Pelisti daratang!" Gurinjal Simson tanghi, rambutna lesot tina pakan.

¹⁵ Ku sabab eta ceuk Delila, "Mana majar mikacinta ka abdi teh? Geuning henteu! Parantos tilu kali Akang ngabobodo ka abdi, teu kersa nerangkeun anu sayaktosna nu mawi Akang sakitu bedasna."

¹⁶ Eta awewe ngarengnik bae terus unggal-unggal poe. Simson jadi jengkel lantaran haben bae ditalek.

¹⁷ Tungtungna anjeunna waleh, saurna, "Ieu buuk Akang acan pisan dicukur. Ti barang dijurukeun Akang geus diabdikeun ka Allah, jadi Nasir. Lamun dicukuran, kabedasan Akang tangtu musna, jadi leuleus moal beda ti nu sejen."

¹⁸ Ku Delila karasa yen ayeuna mah nyariosna enyaan. Seug ngutusan ka raja-raja Pelisti tea, talatahna, "Mangga sarumping sakali deui wae. Manehna parantos buka rusiah." Tuluy raja-raja teh daratang bari marawa duit.

¹⁹ Simson ku Delila dihariringan, reup kulem dina lahunanana. Delila nyalukan

jelema sina motong rambut Simson anu tujuh untun. Ti dinya Delila mimiti nyiksa ka anjeunna, kawantu anjeunna geus teu aya kabedasanana.

²⁰Eta awewe tuluy ngagero, "Simson! Urang Pelisti daratang!" Korejat anjeunna tanghi bari nyaur sajeroning manah, "Ayeuna ge aing leupas cara anu enggeus-enggeus." Can karaoseun yen geus dikantunkeun ku PANGERAN.

²¹Ku urang Pelisti terus direjeng, socana dicokel duanana. Tuluy dibawa ka Gasa, dirante ku rante tambaga, dilebetkeun ka jero panjara, dijieun purah ngagiling.

²²Ari rambutna geus manjangan deui.

²³Raja-raja urang Pelisti kumpul, nyieun pesta jeung mere kurban gede ka Dagon, dewana. Maranehna ngararawih, "Batara urang enggeus ngersakeun, Simson musuh urang geus ditalukkeun."

²⁴(16: 24-25) Pohara galumbirana, pok ngaromong, "Calukan si Simson, sina ngabodor ngarah resep!" Sanggeus Simson diala ti jero panjara, ku maranehanana diparentah ngabodor, jeung sina ngadeg di antara dua tihang anu gede. Barang jalma-jalma narenjoeun ka anjeunna tuluy ngarawih, muji dewana, "Dewa urang geus mere kaunggulan ka urang ti musuh, anu geus ngaruksak nagri urang sarta maehan jalma-jalma urang sakitu lobana."

25 (16: 24)

26 Misaur Simson ka budak anu nungtun,
"Kami tungtun, arek nyabak tihang ieu
gedong, arek nyarande ka dinya."

27 Eta gedong keur pinuh ku jelema, lalaki,
awewe. Raja-raja Pelisti limaanana kumpul di
dinya. Nu di loteng oge aya kira-kira tilu rebu
urang, lalaki, awewe, harayang lalajo Simson
ngabodor.

28 Simson neneda, kieu panedana, "Nun
PANGERAN Nu Maha Agung mugi sing emut
ka abdi. Nun Allah, mugi abdi paparin deui
kakiatan sakali ieu deui bae, supados sakali
naur, abdi tiasa nebus dua siki panon anu
dicokel ku urang Pelisti."

29 Geus kitu Simson nyepeng kana dua
tihang anu nyangga eta gedong, sabeulah
ku panangan kiwa, sabeulah ku panangan
tengen, tuluy didonca,

30 bari anjeunna ngagero, "Kajeun aing
paeh bareng jeung urang Pelisti!" Anjeunna
terus ngadonca sataker tanaga. Gedong teh
ambrug pisan, ninggang ka lima raja, ka
sakabeh anu di darinya. Urang Pelisti anu
paraeh jeung Simson harita, leuwih loba ti
batan anu dipaehan ku anjeunna waktu keur
jumenengna.

31 Layon Simson dirawat ku saderek-saderek
saibu saramana jeung ku wargi-wargi anu
lianna. Dibawa mulang tuluy dikurebkeun
di hiji tempat antara Sora jeung Estaol, di

makam Manoah ramana. Ari lilana Simson jadi hakim di Israil teh dua puluh taun.

17 ¹Aya hiji jelema urang pagunungan Epraim, ngaranna Mika.

²Manehna ngomong ka indungna, "Abdi nguping Ema sasauran. Saur Ema, bangsat anu maling sarebu saratus uang perak teh sing kasapa. Ema, tingali, ieu artos teh, abdi anu ngabuntunna." Walon indungna, "Anaking, muga hidep meunang berkah ti PANGERAN."

³Duit teh ku Mika dipulangkeun deui ka indungna. Ari ceuk indungna, "Pikeun ngajaga bisi anak sorangan kasapa, eta perak ku Ema diikrarkeun ka PANGERAN, urang pake ngalapis arca tina kai. Jadi ieu geblegan-geblegan perak teh ku Ema rek diserenkeun ka hidep."

⁴Tapi ku Mika diserenkeun deui ka indungna. Top indungna nyokot dua ratus gebleg, tuluy diserenkeun ka hiji kamasan pikeun dipake ngalapis hiji arca tina kai. Sanggeus dilapis ku perak, arcana dipernahkeun di imah Mika.

⁵Ieu jelema, Mika tea, boga tajug sorangan. Manehna nyieun deui arca sababaraha siki, jeung hiji epod. Seug salah saurang anakna ku manehna diangkat jadi imam.

⁶Harita di Israil can aya raja. Saban jalma ngan nurutkeun rarasaanana sorangan bae.

⁷ Dina mangsa eta keneh, aya hiji jelema ngora keneh, bangsa Lewi, asal ti desa Betlehem wewengkon Yuda.

⁸ Lunta ti Betlehem, sejana neangan keur pamatuhan di mana bae manggihna. Satengahing perjalanan manehna datang ka imah Mika di pagunungan Epraim.

⁹ Ku Mika ditanya, "Nu ti mana, dulur?" Jawabna, "Sim kuring teh bangsa Lewi, ti Betlehem wewengkon Yuda, seja milari pangcicingan di mana bae nyangsangna."

¹⁰ Carek Mika, "Atuh di dieu bae sareng sim kuring, jadi juru nasehat sareng imam sim kuring. Bade digajih sataun sapuluh uang perak, jaba pisalin saperluna, kitu deui bahan pangan."

¹¹ Eta jajaka urang Lewi teh daekeun, tuluy cicing di Mika sarta dipianak.

¹² Ku Mika diangkat jadi imam. Dipernahkeunana oge di imah Mika bae.

¹³ Ceuk Mika, "Ceuk pangrasa, ieu teh alamat hade ti PANGERAN, lantaran aing ayeuna geus boga imam ti kaom Lewi."

18¹ Harita di Israil can aya raja. Mangsa eta, kaom Dan eukeur nareangan tanah akueun keur pamatuhanana, lantaran ti kaom-kaom Israil maranehanana mah acan kabagian tanah akuan.

² Urang Dan nitahan lima jelema anu peryoga, beunang milih ti bangsana keneh,

ti Sora jeung ti Estaol, dijurung alak-ilik neangan tanah. Sanggeus narepi ka pagunungan Epraim, maranehna mareuting di imah Mika.

³Sabot kitu, maranehanana sidik pisan ngadenge aya lentong bangsa Lewi, seug didarongdon, ditanya, "Geuning aya di dieu, keur naon? Saha nu mawa ka dieu?"

⁴Jawabna, "Di dieu dicandet ku Mika, digajih, dijieun imam anjeunna."

⁵Ceuk maranehanana, "Cik atuh pangnaroskeun ka Allah, ieu lalampahan kuring teh baris hasil atawa moal."

⁶Jawab eta imam, "Ulah salempang. Perjalanan aranjeun ditangtayungan ku PANGERAN."

⁷Geus kitu anu limaan teh neruskeun lampahna, ti dinya jol ka desa Lais. Katembong ku maranehanana, yen urang dinya hirupna teh tengtrem-tingtrim, cara urang Sidon bae. Tabeatna rukun, teu laloba omong, tara cekcok, tur sagala kaperluan hirupna nyampak. Ari tempatna mencil jauh ti urang Sidon, jeung henteu pacorok jeung bangsa sejen.

⁸Sanggeus nu limaan daratang deui ka Sora jeung Estaol, ku batur-batur salemburna pada nanya naon papanggihanana.

⁹Jawabna, "Geura sadia-sadia, urang narajang ka Lais. Tanahna geus tetela hade

pisan. Geuwat, ulah nganggur teu puguh di dieu. Gancang ka ditu rebut.

¹⁰Geura engke kanyahoan di ditu, yen urang ditu sama sakali taya panyangkana naon-naon. Kota gede naker eta teh. Sagala rupa pangabutuh jelema aya di dinya, tur eta teh geus dipaparinkeun ku Allah, pikeun aranjeun."

¹¹Leut genep ratus urang kaom Dan arindit ti Sora jeung Estaol, samakta rek maju perang.

¹²Geus naranjak, tuluy masang pakemahan di Kiryat Yarim wewengkon Yuda. Ku hal eta, tempatna nepi ka ayeuna katelah Pakemahan Dan.

¹³Ti dinya lampahna kebat, jol ka pagunungan Epraim, ka imah Mika.

¹⁴Jelema anu lima, anu geus nalungtik kota Lais sakurilingna, ngaromong pada batur, "Nyaho nya, di dieu di salah sahiji imah, aya arca anu dilapis perak? Arca-arca sejenna ge aya, malah aya epod sagala. Cik palikiran, kumaha ngakalanana?"

¹⁵Ti dinya maranehanana ka imah Mika anu dicicingan ku jajaka urang Lewi tea, seug naranya ka dinya damang henteuna.

¹⁶Sabot kitu, genep ratus perjurit Dan anu geus saged perang teh narangtung di lawang.

¹⁷Mata-mata nu limaan nyulusup ka jero imah, nyokot arca kai anu dilapis ku perak, arca-arca lianna kitu deui epod. Ari imam

tea mah aya di lawang, nangtung jeung perjurit-perjurit.

¹⁸ Barang anu limaan arasup ka jero imah Mika bari ngarawatan barang-barang anu disucikeun, imam teh nanyakeun, "Ku naon geuning kararitu?"

¹⁹ Ari tembalna, "Repeh, tong loba omong. Anggur ngilu, urang ka ditu, jadi imam jeung jurunasehat di ditu. Na teu hayang jadi imam sakabeh kaom Israil? Atawa mending jadi imam kulawargana jelema saurang?"

²⁰ Imam teh jadi kacida atoheunana. Seug barang-barang anu disucikeun teh dicokotan, tuluy biluk ka maranehanana.

²¹ Ti dinya maranehanana mimiti arindit deui; ari barudakna, ingon-ingonna katut sagala kabogana ditempatkeunana di hareup.

²² Sanggeus meujeuhna jauhna ti imah Mika, Mika nyalukan tatangga-tatanggana diajak ngudag. Urang Dan kaudag,

²³ tuluy digero-gero. Urang Dan maralik, nanya ka Mika, pokna, "Aya naon? Arek naon mawa balad?"

²⁴ Mika nembal, "Make nanya aya naon! Imam kami, allah-allah kami beunang kami nyieun ku maraneh dibawa indit susulumputan! Cik naon bae anu dikarikeun?"

²⁵ Urang Dan ngajarawab, "Anjeun leuwih hade ulah ngomong nanaon, kajaba lamun hayang nyaho ambekna ieu perjurit-perjurit;

naha hayang ditarajang? Aranjeun katut sakabeh kulawarga, moal teu beak ditumpes."

²⁶ Geus ngajawab kitu terus maraju deui. Kapikir ku Mika yen lain lawaneun, tuluy mundur, mulang ka imahna.

²⁷ (18: 27-28) Sanggeus ngarebut imam jeung barang-barang buatan Mika, urang Dan terus narajang Lais, kota anu tengtrem-tingtrim, anu pangeusina rukun, anu keur jongjon-jongjon hirupna di eta lebak, Lebak Bet Rehob. Urang dinya beak diparaahan, kotana dihuru. Taya pisan anu nulungan, kawantu Lais teh tempatna jauh pisan ti Sidon, turug-turug urang dinyana tara pacorok jeung bangsa sejen. Eta kota ku urang Dan diadegkeun deui, sarta maranehanana terus maratuh di dinya.

²⁸ (18: 27)

²⁹ Ngaran Lais diganti jadi Dan, ngalap ngaran karuhunna Dan, putra Yakub tea.

³⁰ Ari arca tea ku urang Dan geus diperenahkeun baris disarembah. Seug maranehna ngangkat Yonatan bin Gersom putuna Musa, jadi imam kaom Dan, kitu deui turunan-turunanana oge jaradi imam maranehanana, nepi ka mangsa eta bangsa diboyong ku musuh.

³¹ Ari arca buatan Mika tea tetep aya di dinya, sapanjang Kemah paranti ngabakti ka Allah aya di Silo.

19¹ Keur jaman Israil can boga raja, aya hiji urang Lewi ngumbara di daerah pagunungan Epraim. Manehna mawa hiji mojang urang Betlehem wewengkon Yuda, dijieu selir.

²Hiji waktu eta mojang teh pundung, balik ka imah bapana di Betlehem meunang opat bulan.

³Ti dinya manehna gilig rek nyusul eta mojang, arek dilelemu sangkan daekeun dibawa balik. Inditna jeung gandek saurang, nungtun dua kalde. Barang datang, ku eta mojang dititah asup ka imah. Bapa eta mojang barang nenjoeun ka manehna teh terus bae ngabageakeun gumbira pisan.

⁴Ku sabab diandeg, seug nganjrek tilu poe tilu peuting, dahar nginumna diurus.

⁵Dina kaopat poena, manehna jeung gandekna isuk-isuk keneh geus dangdan arek mulang. Tapi ceuk bapa awewe, "Dalahar heula ambeh jagjag. Engke bae balik mah."

⁶Gek eta urang Lewi teh diuk tuluy dahar leueut jeung bapa eta mojang. Geus kitu ceuk bapa eta mojang teh, "Mondok deui bae atuh, senang-senang."

⁷Eta urang Lewi teh geus cengkat rek indit, tapi bapa eta mojang keukeuh nyandet. Nya meuting deui sapeuting eta.

⁸Dina kalima poena, rebun-rebun, barang urang Lewi tea rek indit, eta bapa mojang teh nyarita deui, "Dalahar heula. Engke bae indit

mah ari enggeus rada beurang." Nya tuluy dalahar bareng duaan.

⁹ Barang eta urang Lewi katut selirna, kitu deui gandekna geus arek jung, dicandet deui bae pokna, "Geuning geus meh peuting, sakeudeung deui oge poek. Leuwih hade meutting deui, senang-senang. Isukan bae baralik mah isuk-isuk."

¹⁰ (19: 10-11) Tapi geus teu bisa dicandet, embungeun kudu meutting deui mah. Bral bae indit jeung selirna, dituturkeun ku gandek jeung dua kaldena nu geus diselaan. Poe geus meh peuting, ari lalampahan kakara arek nepi ka kota Yebus (Yerusalem tea). Ari ceuk gandekna, "Moal nyimpang heula, Juragan, ngawengi di dieu, di kota urang Yebus?"

¹¹ (19: 10)

¹² (19: 12-13) Ku dununganana ditembal, "Ulah eureun di kota anu jelemana lain urang Israil. Urang terus heula rada ka beh ditu, urang moro meutting di Gibea atawa di Ramah."

¹³ (19: 12)

¹⁴ Seug tarerus, Yebus mah diliwat. Barang narepi ka Gibea wewengkon Binyamin, panonpoe geus surup.

¹⁵ Leok nyarimpang ti jalan, arek ngadon mondok ka kota. Sanggeus araya di jero kota, gek dariuk di alun-alun. Tapi urang dinya saurang ge teu aya anu uah-aeh ngajak ka imahna.

¹⁶Sabot di darinya keneh, hol aya jelema geus kolot, kakara balik tas digawe ti kebonna. Eta jelema asalna mah ti daerah pagunungan Epraim, ngadon hirup di Gibea. (Nu sejenna mah urang dinya kabeh, kaom Binyamin.)

¹⁷Barang katenjoeun yen aya semah dariuk di alun-alun, pek nanya, "Ieu teh anu ti mana, seja ka mana?"

¹⁸Urang Lewi ngawalon, "Wangsul ti Betlehem wewengkon Yuda, seja mulang ka lembur. Ari kawit mah tebih ti pagunungan Epraim. Henteu aya anu nyambat mondok saurang oge.

¹⁹Da gaduh sakadar parab kalde sareng jarami mah. Roti sareng anggur ngabantun, kangge ieu pun selir, kangge abdi sareng gandek. Anu perlu-perlu mah aya."

²⁰Ceuk jelema kolot, "Hayu atuh urang ka Bapa, ulah mareuting di alun-alun."

²¹Tuluy dibawa ka imahna. Kaldena diparaban. Sanggeus semah ngarumbah suku, brak dalahar.

²²Sabot maranehna keur nyenangkeun awak, eta imah ujug-ujug geus dilingkung ku jelema-jelema tukang ngajina, malah geus mimiti gegedor kana panto bari tinggorowok ka nu boga imah, pokna, "Kaluuarkeun eta semah lalaki anu keur meuting di imah maneh, ku kami arek dipake!"

²³Tapi jelema kolot tea kaluar, ngomongan, pokna, "Eling dulur-dulur! Adat kitu teh teu pantes, ingkar tina susila! Eta jalma semah Bapa.

²⁴Tapi aya selirna. Anak Bapa oge aya, parawan keneh. Heug ku Bapa rek dikaluarkeun pikeun aranjeun. Pek rek dikumahakeun kuma karep, dapon ulah nyieun kalakuan anu sakitu aebna ka eta jelema!"

²⁵Tapi ku maranehanana henteu didenge. Ku sabab kitu eta urang Lewi teh nyurungkeun selirna kaluar. Harita keneh tuluy pada ngagorenyangkeun, hantem diparake sapeuting jeput tepi ka isuk teu eureun-eureun.

²⁶Wanci bijil pajar awewe teh datang, bru ngarumpuyuk kana panto imah anu dipondokan ku salakina. Ngalumpuruk bae di dinya nepi ka bray-brayan.

²⁷Salakina enggeus hudang, ari bray mukakeun panto arek terus lumaku, nyampak selirna geus ngalumbuk hareupeunana, leungeunna muntang kana panto.

²⁸Ceuk salakina, "Hudang, hayu urang balik." Tapi taya jawaban lantaran geus maot. Tuluy diangkat, diteundeun kana tonggong kalde, bral dibawa mulang.

²⁹Sadatangna ka lembur, sup ka imah top kana bedog. Mayit selirna dipotongan jadi dua

belas potong, terus dikirim-kirimkeun ka dua belas kaom Israil, masing-masing sapotong.

³⁰Ari ceuk anu narenjo, "Kakara manggih kajadian siga kieu mah! Ti baheula oge, ti jaman Israil mimiti ninggalkeun Mesir, can aya kajadian kawas kieu! Ulah cicingeun, urang badami kumaha nguruskeunana."

20¹Sakabeh urang Israil, ti semet wewengkon Dan ti kaler, nepi ka Bersyeba di kidul, kitu deui wewengkon tanah Gilad di wetan, kabeh kumpul jadi hiji di payuneun PANGERAN di Mispa.

²Aya opat ratus rebu urang umat Allah anu kumpul, bangsa perjurit badaratan, diluluguan ku sakabeh pamingpin kaom-kaom Israil.

³Sajeroning kitu jalma-jalma kaom Binyamin geus ngadarenggeeun yen urang Israil lianna kabeh geus kumpul di Mispa. Ceuk urang Israil, "Caritakeun perkarana eta kajadian."

⁴Pok urang Lewi anu selirna tiwas nyarita, "Kuring jeung selir kuring meuting di Gibea, wewengkon Binyamin.

⁵Urang Gibea ngepung imah anu dipake mondok. Maksudna hayang maehan ka kuring, tapi selir kuring anu beunang tuluy diperkosa nepi ka tiwas.

⁶Mayitna ku kuring dibawa tuluy diteukteukan, ti dinya dikirim-kirimkeun ka dua belas kaom Israil, masing-masing sateukteuk. Eta bangsa di urang geus nyieun kalakuan anu aeb, ingkar tina susila.

⁷ Anjeun anu araya di dieu kabeh bangsa Israil. Dina sual ieu urang kudu kumaha?"

⁸ Jung urang Israil narangtung, ngajawab, "Saurang ge ulah waka aya nu mulang, boh ka imah boh ka kemah.

⁹ Kieu anu kudu dijalankeun: Gibea urang tarajang. Anu piinditeun perang urang tangtukeun ku lotre.

¹⁰ Sapersapuluhna ti Israil kudu tatahar keur pibeleun balad, nu sejenna kudu indit ngahukum Gibea, naur kalakuanaana anu aeb di Israil."

¹¹ Jalma-jalma di Israil geus gumulung dina hiji tekad: Rek ngagempur Gibea.

¹² Ti dinya kaom-kaom Israil ngutusan ka sakuliah wewengkon kaom Binyamin, nepikeun ieu pamenta, "Naon pingaraneunana eta kajahatan aranjeun teh!"

¹³ Serenkeun urang Gibea anu ingkar tina susila teh, rek ditumpes! Dosa anu siga kitu kudu musna ti Israil." Tapi eta pamenta Israil ku Binyamin henteu didenge.

¹⁴ Anggur murubul ka Gibea ti unggal kota wewengkon Binyamin, arek ngayonan dulur-dulurna papada urang Israil.

¹⁵ (20: 15-16) Poe eta keneh ti sakabeh kota geus kumpul dua puluh genep rebu prajurit. Urang Gibea sorangan geus ngumpulkeun tujuh ratus jalma istimewa, jalma-jalma ngede, kabeh ahli ngabandring, tara mencog satungtung buuk.

¹⁶(20: 15)

¹⁷ Ari kaom Israil geus boga opat ratus rebu prajurit, kabeh enggeus asak latih.

¹⁸ Urang Israil kumpul di Betel, tempat paranti ngabakti. Tuluy naros ka Allah, "Kaom mana anu kedah ti heula narajang ka kaom Binyamin?" Waler PANGERAN, "Kaom Yuda."

¹⁹ Isukna urang Yuda maju, geus mangkalan deukeut kota Gibeal,

²⁰ rek mimiti narajang ka balad Binyamin. Tata pasukanana nyanghareup ka eta kota.

²¹ Balad Binyamin kaluar ti jero kota, mapag ngayonan. Memeh burit geus hasil maehan 22.000 perjurit Israil.

²² (20: 22-23) Geus kitu urang Israil arindit ka tempat ngabakti, maridangdam di dinya payuneun PANGERAN nepi ka peuting. Ti dinya naros ka Mantenna, "Kumaha abdi-abdi teh kedah mios deui merangan pun dulur Binyamin?" PANGERAN ngawaler, "Enya." Balad Israil timbul deui wawanenna. Pasukanana ditempatkeun cara kamari.

²³(20: 22)

²⁴ Der deui narajang ka balad Binyamin kadua kalina.

²⁵ Urang Binyamin kaluar deui kadua kalina ti Gibeal, sarta hasil maehan deui 18.000 prajurit Israil.

²⁶ Bangsa Israil arindit deui ka Betel, maridangdam. Brek marando di payuneun PANGERAN nepi ka peuting, teu nolih lapar.

Geus kitu ngahaturkeun kurban karapihan jeung kurban beuleuman ka PANGERAN.

²⁷ (20: 27-28) Dina mangsa eta Peti Perjangjian Allah aya di Betel. Anu jadi imamna nya eta Pinehas bin Elasar putuna Harun. Maranehanana naros deui ka PANGERAN, "Kumaha abdi-abdi teh kedah majeng deui ngalawan pun dulur Binyamin, atanapi parantos bae?" PANGERAN ngawaler, "Lawan terus! Isukan ku Kami rek diselehkeun ka maraneh."

²⁸ (20: 27)

²⁹ Sanggeus meunang dawuhan PANGERAN, urang Israil nempatkeun pasukanana sawareh sina ngadodoho di sakuriling Gibea.

³⁰ Tuluy dina poe anu katilu maju deui narajang balad Binyamin. Tata pasukanana disanghareupkeun ka Gibea cara nu enggeus-enggeus.

³¹ Urang Binyamin mapag ngayonan, seug kalejokeun anggang ti kota. Cara nu enggeus-enggeus maranehanana geus mimiti maehan sababaraha urang prajurit Israil di luar, di jalan anu ka Betel jeung anu ka Gibea. Geus aya tilu puluh prajurit Israil anu kasambut.

³² Ceuk urang Binyamin, "Urang unggul deui bae cara kamari-kamari." Padahal urang Israil ngahaja mundur, ngarah maranehanana barijil ti jero kota sina ka jaralan.

³³ Barang pasukan inti balad Israil ditarik sina mundur sarta ngahiji deui di Baal Tamar, pasukan anu keur ngadodoho kota Gibea rabul kalaluar ti panyumputanana, tina cadas-cadas sabudeureun kota.

³⁴ Sapuluh rebu prajurit Israil petingan ti saban kaom, narajang ka Gibea, der campuh ragot teu kira-kira. Urang Binyamin teu ngarasa yen geus tereh tumpur.

³⁵ PANGERAN ngersakeun Israil unggul ngelehkeun balad Binyamin. Poe eta 25.100 musuh kasambut ku urang Israil.

³⁶ Urang Binyamin ngarasa yen perangna geus kasoran. Pasukan inti balad Israil ditarik sina mundur ti urang Binyamin, sabab ngandelkeun jalma-jalmana anu keur nyarumput ngadodoho di sakuriling Gibea,

³⁷ anu tuluy nyelempék ka Gibea kesit pisan. Sanggeus araya di jero kota gancang mencar, ngababad musuh anu di dinya.

³⁸ Pasukan inti jeung jalma-jalma anu ngadodoho tea geus nangtukeun hiji isarat, nya eta: Lamun geus aya haseup kandel mumbul ti jero kota,

³⁹ pasukan inti anu mundur kudu malik ngangseg musuh. Harita urang Binyamin geus bisa maehan tilu puluh prajurit Israil. Urang Binyamin geus ujub, pokna, "Urang unggul deui cara kamari-kamari."

⁴⁰ Sanggeus haseup isarat tea katembong mumbul ti kota, urang Binyamin tinglalieuk

sarta kacida ngararenjagna, nenjo kotana geus kagulung ku seuneu.

⁴¹ Ku pasukan inti balad Israil dibalikan ditarajang. Urang Binyamin teu kira-kira garugupna, tina geus yakin baris kasoran.

⁴² Tarungna mimiti atar ti Israil, tuluy lalumpatan ka nu negrak. Tapi teu bisa kebat, sabab geus kakepung ku pasukan inti jeung ku jelema-jelema tea, anu ngarudag ti jero kota, terus digempur.

⁴³ Eta musuh ku urang Israil ditingker sarta hantem dibeberik nepi ka tungtung Gibea beulah wetan, dibabad sapanjang jalan.

⁴⁴ Aya dalapan belas rebu urang Binyamin anu kasambut, kabeh prajurit-prajurit anu panghadena.

⁴⁵ Sesana kabur ka Cadas Rimon. Lima rebu deui anu kasambut sapanjang jalan. Sesana ku urang Israil diudag nepi ka Gidom, kasambut deui dua rebu urang.

⁴⁶ Kabehna anu tiwas dina poe eta teh dua puluh lima rebu prajurit Binyamin, kabeh prajurit-prajurit anu garagah wungkul.

⁴⁷ Tapi aya genep ratus urang anu bisa kabur ka Cadas Rimon, tuluy mubus nepi ka opat bulan.

⁴⁸ Urang Israil malik deui ngagempur urang Binyamin sasesana, ditumpes kabeh, lalaki, awewe, budak katut jeung sasatoanana. Kota-kotana kabeh dihuru.

21

¹ Basa urang Israil kumpul di Mispa, geus sumpah ka PANGERAN, pokna, "Abdi-abdi saurang ge moal aya nu ngidinan anak awewe dipibojo ku urang Binyamin."

² Ku hal eta, ayeuna urang Israil kumpul di Betel, marando ka PANGERAN nepi ka peuting. Pok arunjukan bari tingsalegruk,

³ "Nun GUSTI ALLAH, Allahna Israil, ku naon abdi-abdi dugi ka kenging musibat kieu? Ku naon kaom Binyamin dugi ka kedah leungit ti Israil?"

⁴ Poe isukna maranehna gancang harudang nyieun altar, tuluy ngahaturkeun kurban karapihan jeung kurban anu diduruk.

⁵ Geus kitu pok nanya kieu, "Ti antara sakabeh kaom Israil, ti kaom mana anu henteu milu kumpul di payuneun PANGERAN di Mispa?" (Maranehanana geus ngikrarkeun hiji sumpah, sing saha anu henteu milu kumpul di Mispa pasti dipaahan.)

⁶ Urang Israil kacida prihatinna ku hal dulur-dulurna, kaom Binyamin. Aromongna, "Poe ieu hiji kaom ti Israil geus leungit.

⁷ Kumaha ngakalanana sangkan urang Binyamin anu harirup keneh baroga pamajikan? Urang geus kedal sumpah ka PANGERAN, anak urang anu awewe, anu mana bae, moal aya anu dibikeun dikawin ku maranehanana."

⁸ Waktu tadi ditanyakeun aya henteuna ti kaom-kaom Israil anu henteu milu kumpul

di Mispa, kanyahoan yen anu ti Yabes wewengkon Gilad taya hiji anu datang.

⁹ Basa balad disebutan, ti Yabes mah taya jawaban ti saurang-urang acan.

¹⁰ Seug kumpulan teh nginditkeun dua belas rebu jelema anu pangwaranianana, di parentah kieu, "Bral paehan kabeh eta urang Yabes teh, awewe jeung barudakna oge ulah aya anu diwalkeun.

¹¹ Paehan sakabeh lalaki, paehan sakabeh awewe anu geus lain parawan."

¹² Di antara urang Yabes, kapanggih ku maranehanana aya opat ratus parawan ngarora keneh, tuluy ditarawa ka pangkalan di Silo, di tanah Kanaan.

¹³ Ti dinya kumpulan ngirimkeun embaran ka urang Binyamin anu keur maribus di Cadas Rimon tea, yen perang geus eureun.

¹⁴ Eta urang Binyamin seug baralik, tuluy ditarere parawan urang Yabes anu saralamet tea. Tapi henteu mahi, kurang keneh.

¹⁵ Urang Israil ngarasa prihatin ku urang Binyamin, anu ku PANGERAN geus dipinggeskeun tina katunggalan kaom-kaom Israil.

¹⁶ Ti dinya para pamingpin kumpulan nyarita, "Di kaom Binyamin geus euweuh deui awewe. Kumaha petana nyiar pipamajikaneun keur anu acan kabagian?

¹⁷ Ulah nepi ka Israil kaleungitan salah saurang ti dua belas kaomna anu leungit.

Urang kudu ihtiar sangkan kaom Binyamin bisa hirup terus.

¹⁸ Urang teu bisa ngidinan mojang-mojang urang dikawin ku urang Binyamin, sabab urang geus ngaragragkeun supata ka sing saha di antara urang anu mikeun anak awewena dikawin ku urang Binyamin."

¹⁹ Sanggeus malikir, maranehna nyarita kieu, "Aya jalanna, nya eta dina waktu pesta taunan kanggo PANGERAN, di Silo." (Silo pernahna kalereun Betel, kiduleun Lebona, wetaneun jalan antara Betel jeung Sekem.)

²⁰ Geus kitu ceuk maranehanana ka urang Binyamin, "Los nyarumput ka ditu, ka kebon-kebon anggur,

²¹ awaskeun ti dinya. Di mana mojang-mojang Silo kalaluar rek ngaribing sapanjang pesta, gancang barijil ti panyumputan. Paksa tewak eta barudak awewe teh keur pipamajikaneun, bawa lumpat ka wewengkon Binyamin.

²² Upama bapana atawa dulur-dulurna nyarusul nembongkeun teu suka, jawab kieu, Panuhun, ieu mojang-mojang teh ridokeun sina caricing di kuring keur pibojoeun, da dicokotna ti aranjeun teh lain ti pangperangan. Jeung ku lantaran aranjeun teu mikeun, aranjeun teu salah, teu ngalanggar jangji."

²³ Urang Binyamin narurut, seug masing-masing milih mojang ti nu keur ngaribing di

Silo, tuluy ditarawa. Geus kitu maranehanana marulang ka lemburna sorangan, ngadegkeun deui desa-desana, terus maratuh.

²⁴ Bareng sawaktu jeung eta, urang Israil anu lianna oge marulang deui ka kaomna masing-masing, kumpul deui jeung kulawargana, hirup di tengah rajakayana sorangan.

²⁵ Harita can aya raja di Israil. Unggal jalma hirupna nurutkeun sakahayang sorangan bae.

Rut

1 ¹ Baheula, jaman bangsa Israil can boga raja, tanahna katarajang bahla kalaparan. Harita aya hiji jelema ti kaom Eprata, urang Betlehem, tanah Yuda, indit ninggalkeun lemburna seja ngumbara heula saanak rabi ka Moab,

² ngaranna Elimelek. Ari ngaran bojona Naomi, ngaran anak-anakna Mahlon jeung Kilyon, duanana lalaki. Sabot ngumbara,

³ Elimelek maot ninggalkeun Naomi jeung anak.

⁴ Ari anakna terus baroga bojo ka mojang urang Moab, nu saurang ngaranna Orpa, nu saurang deui Rut. Sanggeus ngumbara meunang sapuluh taun,

⁵ Mahlon jeung Kilyon oge maraot deuih, kari Naomi sorangan, teu anak teu salaki.

⁶ Rada lila ti harita, Naomi meunang beja yen PANGERAN geus nurunkeun berkah ka umat-Na, hasil panenna mucekil. Sanggeus tarapti bral Naomi mulang, minantu-minantu dibawa,

⁷ bareng ngajugjug ka tanah Yuda.

⁸ Tapi di tengah jalan Naomi ngomongan ka minantu-minantu, pokna, "Nyai mah mending baralik bae ka nu jadi indung. Didoakeun,

kabageuran Nyai ka Ema jeung ka nu geus teu araya, sing dibales ku PANGERAN.

⁹ Mugi-mugi deuih ku PANGERAN diparengkeun baroga deui salaki, barisa deui imah-imah." Sanggeus digalentoran tuluy dijurung marulang. Tapi kalah ka careurik,

¹⁰ ngalengis ka mitoha pokna, "Ema, abdi mah bade ngiring ka Ema bae, ka bangsa Ema."

¹¹ "Nyai," ceuk Naomi, "mending ge marulang. Keur naon harayang milu? Da Ema teh hamo boga deui anak keur pisalakieun nyai.

¹² Jadi mending ge marulang. Jeung moal kawin deui Ema teh, geus kolot teuing. Dina aya keneh harepan oge, nepi ka bisa kawin deui ceuk cohagna engke peuting, nepi ka bisa buru-buru boga anak deui,

¹³ piraku ku Nyai rek didaragoan bae nepi ka galedé, moal karawin ka nu sejen! Piraku atuh, Nyai! Jeung deui kapan Ema mah jelema anu geus dibuang ku PANGERAN. Lain teu karunya Ema ka nyai teh."

¹⁴ Segruk deui nu diomongan teh careurik. Gabrug Orpa ngarangkul ka mitoha bari pamitan, tuluy mulang. Ari Rut ngajanteng keneh.

¹⁵ Ceuk Naomi, "Rut, itu baraya Nyai geus mulang ka bangsana, ka batarana. Nyai ge atuh geura jung."

¹⁶Ari ceuk Rut, "Abdi mah alim pisah ti Ema, hoyong sareng, ka mana ge bade ngiring, di mana bae bade ngiring cicing. Bangsa Ema bangsa abdi, Allah Ema Allah abdi.

¹⁷Ema pupus, abdi ngiring dikubur di dinya. Sing dihukum ku PANGERAN upami abdi tega ngantunkeun Ema. Mung maot anu tiasa misahkeun abdi ti Ema."

¹⁸Sanggeus tetela yen Rut enya-enya hayang milu, Naomi teu ngomong nanaon deui.

¹⁹Ti dinya duanana neruskeun laku, sarta geus nepi ka Betlehem. Ari jol teh urang dinya mani ibur. Ceuk kaom wanitana, "Enya ieu teh Naomi?"

²⁰Naomi ngawalon, "Tong disebut deui Naomi kuring mah, sebut wae Mara, lantaran hirup teh ku Allah Nu Maha Kawasa disina pinuh ku papait.

²¹Basa miang ti dieu bareto, kuring teh mani rebo, ari balik ku Mantenna disina nepi ka ngaligincing kieu. Keur naon disebut deui Naomi, lantaran ku PANGERAN Nu Maha Kawasa geus dikeunaan hukuman, disina balangsak."

²²Kitu lalakon Naomi mulang deui ti Moab jeung Rut minantuna. Daratangna ka Betlehem kabeneran geus mimiti usum dibuat.

2¹ Ari Naomi boga baraya ti Elimelek, jenat salakina, ngaranna Boas, jelema beunghar tur gede pangaruhna.

2² Hiji poe Rut ngomong ka Naomi, "Ema, abdi bade ngiring mulungan heucak ka nu dibaruat, manawi aya nu nyarikclikan tina keupeulan. Bade neda idin bae ka salah sawios nu dibaruat supados kenging mulungan pungkureunana." Walon Naomi, "Jung anaking."

3³ Rut indit ka huma, sarta geus merenah di tukangeun anu digarawe, mulungan ranggeuy-ranggeuy gandum nu marurag tina keupeulan. Kabeneran mulunganana teh ka huma kagungan Boas, baraya Elimelek tea.

4⁴ Teu lila Boas cunduk ti Betlehem, uluk salam ka nu keur digarawe, saurna, "Mugia PANGERAN nyarengan ka aranjeun!" Dijarawab, "Mugia PANGERAN ngaberkanan ka Bapa!"

5⁵ Ti dinya Boas mariksa ka mandor, "Ari itu awewe ngora-ngora, saha?"

6⁶ Ceuk mandor, "Sumuhun semah, dibantun ku Naomi ti Moab.

7⁷ Parantos wawartos yen seja mulungan sapengkereun nu marotong. Parantos ti enjing keneh teu reureuh-reureuh dongkap ka wangkid ieu, mung ngiuhan heula sakedap."

8⁸ Ti dinya Boas misaur ka Rut, "Nyai, ceuk Bapa mah mulungan teh di dieu bae

ulah ka mamana deui, tuh geura jeung awewe-awewe,

⁹ tutur-tutur ka beulah mana motongna. Keun ku Bapa rek dibarejaan sangkan Nyai ulah aya nu nyarek. Jeung bisi hanaang mah pek bae nginum, tuh caina dina kendi, parinuh."

¹⁰ Rut mani sujud, adek beungeutna kana taneuh. Pok ngawalon, "Abdi ngaraos kalintang diperhatoskeunana. Sakitu saena Juragan ka abdi, padahal abdi di dieu teh semah. Teu kahartos naon margina?"

¹¹ Saur Boas, "Nya eta Bapa teh geus meunang keterangan yen Nyai sakitu bumelana ka mitoha, mangkilang geus ditinggalkeun maot ku salaki. Nyai nepi ka lat ka bapa cul ka indung jeung ka lembur, seja hirup ngahiji jeung bangsa anyar pinanggih.

¹² Muga eta tekad Nyai meunang pahla ti PANGERAN, meunang ganjaran utama ti GUSTI Allah panutan urang Israil, anu tangtu baris nangtayungan ka Nyai."

¹³ Piunjuk Rut, "Kasaean Juragan katampi pisan. Kasauran Juragan kalintang nyerepna, matak teger kana ati sanubari, padahal dibandingkeun sareng gandek-gandek Juragan oge diri abdi sakalintang laipna."

¹⁴ Ari geus waktuna dahar, Rut disaur ku Boas, saurna, "Dahar heula, ieu aya roti jeung saosna." Rut emok gigireun nu sejen tuluy

dibagianan hancengan. Am dahar, sacukupna, tapi disesakeun dihaja.

¹⁵ (2: 15-16) Barang rek mulungan deui, Boas misaur ka nu rek maraju deui gawe, saurna, "Keun sina mulungan, masih rek tina pocongna oge ulah digeunggeureuhkeun. Anggur pek pangnyabutankeun tina pocongan sina dipulungan. Kade tong dicarek."

¹⁶ (2: 15)

¹⁷ Rut jongjon mulunganana nepi ka burit. Beubeunanganana terus diirik, meunang kira-kira sapuluh kilo gandum.

¹⁸ Jung disuhun, dibawa balik, diserenkeun ka mitohana. Sesa daharna tea oge diserenkeun.

¹⁹ Ku Naomi ditanya, "Di mana mulungan teh nyai? Di saha? Bageur-bageur teuing nu bogana teh. Muga-muga sing meunang berkah PANGERAN." Ceuk Rut, mulunganana teh di sawah kagungan Boas.

²⁰ Ceuk Naomi, "Muga Boas ginanjar berkah PANGERAN, anu teu tinggal ti mikaasih ka umat-Na ka nu harirup keneh kitu deui ka nu geus maraot. Saenyana anjeunna teh baraya urang, landes keneh pisan, anu aya wajibna ngabelaan ka urang."

²¹ Ceuk Rut deui, "Jabi ti kitu teh saurna abdi kenging mulungan di humana dugi ka rengse usum motong."

²² Walon Naomi, "Enya Nyai, mending mulungan di huma Pa Boas bae jeung

awewe-awewe nu digarawe di dinya. Di huma batur mah bisi diharu-haru."

²³Rut tetep mulunganana di huma Boas nepi ka anggeus usum motong, sarta tetep-tetep ngawulaan mitohana.

3 ¹Hiji poe Naomi nyarita ka Rut, "Nyai teh alusna mah boga deui salaki, imah-imah sorangan. Keun ku Ema dipangneangankeun.

²Ras Ema teh ka Boas, baraya urang, anu humana tempat Nyai mulungan tea. Engke peutting tangtu Boas ka huma rek ngirik.

³Ayeuna Nyai mandi sing bararesih, dangdan ku nu pangalusna, make seuseungitan saeutik mah. Engke peutting tepungan ka ditu ka pangirikan. Tapi ulah waka nembongan samemeh bada tuang.

⁴Di mana anjeunna geus ampih-ampih rek sare, ilik di mana sarena. Mun geus tibra singkabkeun simbutna, Nyai ngedeng tunjangeunana. Engke ku anjeunna tangtu Nyai dibejaan kudu kumaha."

⁵Jawab Rut, "Mangga, kumaha saur Ema bae."

⁶Rut geus indit ka pangirikan di huma, nedunan pituduh mitoha.

⁷Ari Boas, bada dahar hatena ngarasa senang tur lugina, terus reup bae sare, ngagoler dina tumpukan gandum. Rut nyulumun rerencepan nyingkabkeun simbut Boas, dug milu ngagoler di tunjangeunana.

⁸Tengah peuting Boas lilir. Ari hudang kaget bet aya awewe milu ngedeng.

⁹"Saha ieu?" saurna. Rut ngawalon, "Abdi Rut, Juragan. Saur pun biang, Juragan teh baraya landes anu kedah nanggel abdi. Abdi sumeja masrahkeun diri."

¹⁰Ari saur Boas, "Muga Nyai mendak berkahna PANGERAN. Nyai sakitu pengkuhnanyaekel kabarayaan. Tina omongan Nyai bieu beuki tetela ti batan nu enggeus-enggeus, kumaha kasatiaan Nyai ka baraya. Buktina Nyai henteu milih nu lian nu ngora keneh, anu beunghar atawa anu miskin.

¹¹Rut ulah salempang. Saha di lembur ieu anu teu nyaho yen Nyai awewe bageur. Keunku Bapa diuruskeun.

¹²Ari Bapa, enya ge baraya landes anu wajib nanggung Nyai, tapi aya keneh baraya nu leuwih landes.

¹³Keun ayeuna mah sare bae heula di dieu. Isukan isuk-isuk urang coba aya henteuna anu daekeun nanggung Nyai. Lamun aya, kacida hadena. Lamun teu aya, Bapa sumpah demi Allah Anu Jumeneng, nya Bapa anu baris nanggung Nyai. Pek ayeuna mah sare deui nepi ka isuk."

¹⁴Dug Rut ngedeng deui tunjangeun Boas. Subuh-subuh keneh pisan memeh aya nu nangenan geus hudang, sabab saur Boas ulah aya nu nyahoeun.

¹⁵Saur Boas deui, "Laan harudum Nyai, amparkeun." Bar diamparkeun, bro dieusian gandum kira-kira dua puluh lima kilo. Ret dibeungkeut tuluy disuhun, dipangjungjungkeun ku Boas, terus balik ka lembur.

¹⁶Sadatangna mitohana nanya, "Kumaha bejana, Nyai?" Pok Rut cacarita perkara dirina jeung Boas.

¹⁷Omongna deui, "Saurna, abdi teh ulah wangsul lengoh, nya dipaparin ieu gandum."

¹⁸Ceuk Naomi, "Sabar-sabar bae heula Nyai, dagoan buktina engke. Tangtu Boas oge poe ieu teh moal eureun-eureun ngihtiaran nepi ka beres."

4 ¹Boas geus angkat ka lawang kota, ka tempat gempungan, seug calik. Barang baraya landesna Elimelek anu dicarioskeun ka Rut tea datang, ku Boas disaur, "Calik saderek!" Nu dicalikkeun gek diuk.

²Geus kitu Boas ngahaturanan sapuluh urang sesepuh kota. Sanggeus aranjeunna caralik,

³pok Boas nyarios ka wargina tea, saurna, "Naomi, sadongkapna ti Moab teh aya maksad ngical tanah jenatna dulur urang ki Elimelek.

⁴Ku emutan teu aya nu langkung wajib ngagaleuh iwal ti saderek. Kersa bae atuh galeuh kalayan kasaksian ku sesepuh-sesepuh, teu kersa bae surkeun. Eta mah teu bade ngalalangkungan saderek anu

langkung hak kana eta tanah. Sim kuring mah nomer dua." Ari jawabna, "Sae, bade dipeser bae."

⁵Saur Boas, "Upami ciros eta tanah digaleuhna ti Naomi, saratna saderek kedah nikah ka Rut randa urang Moab tea, supados tanah teh tetep kaetang ka kulawedetna anu parantos tilar dunya."

⁶Ari jawabna, "Upami kitu sualna, hak sim kuring meser eta tanah mangga bae nyerenkeun, da moal tiasa kawariskeun ka barudak. Mangga bae galeuh, sim kuring mah moal."

⁷Adat harita di dinya, pikeun tanda ngajadikeun jujualan atawa tutukeuran teh anu ngalepas barangna kudu mikeun tarumpahna ka pihak anu narimana. Kitu adat di Israil enggonging ngajadikeun hiji perkara.

⁸Harita oge, sanggeus eta jelema nyebut, "Mangga galeuh," teh sot ngalesotkeun tarumpahna, dibikeun ka Boas.

⁹Ti dinya Boas sasauran payuneun sesepuh-sesepuh jeung lian-lianna deui di dinya, saurna, "Kalayan kasaksian ku sesepuh-sesepuh, dinten ieu sim kuring tarima meser ti Naomi, kakayaan milikna Elimlek, Kilyon sareng Mahlon.

¹⁰Kalayan sarat kedah mihukum randana Mahlon anu ngaran Rut, urang Moab, sangkan eta kakayaan teh tetep jadi milikna kulawarga anu parantos tilar dunya. Ongkoh

ku jalan kitu teh tatali babarayaanana tiasa tetep nganteng di tengah-tengah bangsana sareng di bali geusanna ngajadi. Dinten ieu, Bapa-bapa sadaya jadi saksina."

¹¹ Saur sesepuh-sesepuh jeung lian-lianna, "Nyaksian! Sareng mugi-mugi eta istri anu bade dipigarwa teh ku PANGERAN di kersakeun tiasa sapertos Rahel sareng Lea, anu ngalantarankeun Yakub seueur putrana. Mugia anjeun sing sugih mukti di kaom Eprata, sing kasohor di Betlehem.

¹² Mugia putra-putra anjeun paparin PANGERAN engke ti eta istri anom ngalantarankeun kulawargi anjeun jadi sapertos kulawargi Peres putra Yuda sareng Tamar."

¹³ Boas geus nyandak Rut ka bumina, jadi istrina. Rut diberkahan ku PANGERAN, ngandung sarta terus ngowokeun putra pameget.

¹⁴ Awewe-awewe ngaromong ka Naomi, "Sagala puji ka PANGERAN! Poe ieu Mantenna maparin incu ka anjeun. Mugi eta murangkalih sing jadi kamashur di Israil!"

¹⁵ Minantu teh sakitu nyauheunana ka anjeun, parantos masihan anu langkung ti batan anu tiasa dibikeun ku tujuh putra pameget. Heug deui ayeuna masihan hiji incu pameget, anu bakal ngagedekeun manah anjeun sarta bakal ngaluginakeun anjeun engke ari parantos sepuh."

¹⁶Top murangkalih teh ku Naomi di candak
terus ditangkeup, sarta terus digetenan.

¹⁷Ku awewe-awewe tatangga murangkalih
teh dijenengana Obed. Ceuk maranehna,
"Naomi geus kagungan putra pameget!" Obed
teh ramana Isai, ari Isai ramana Daud.

¹⁸(4: 18-22) Garis turunan ti Peres ka Daud
nya eta: Peres, Hesron, Ram, Aminadab,
Nahson, Salmon, Boas, Obed, Isai, Daud.

¹⁹(4: 18)

²⁰(4: 18)

²¹(4: 18)

²²(4: 18)

1 Samuel

1 ¹Di desa Ramah di pagunungan Epraim, aya hiji jelema kaom Epraim, ngaranna Elkana bin Yeroham, incu Elihu, warga Tohu ti kaom Sup.

²Boga bojo dua, Hana jeung Penina. Penina boga anak, Hana henteu hiji-hiji acan.

³Saban-saban taun Elkana sok indit ngabakti jeung ngurban ka PANGERAN Nu Maha Kawasa di Silo. Harita anu jadi imam PANGERAN teh duaan, putra Eli, jenenganana Hopni jeung Pinehas.

⁴Unggal-unggal tas ngurban Elkana sok ngirim daging ka Penina saanak-anak.

⁵Ka Hana oge ngirim, ngan ari ka Hana mah sakumaha nyauheunana oge ngirimanana teu sabaraha, da ieu mah ku PANGERAN teu dikersakeun boga anak.

⁶Turug-turug ku maruna ngan dipapanas bae, dihaja sina nyerieun hatena pedah teu boga anak.

⁷Kituna teh saban taun, unggal ka gedong PANGERAN tara teu dipeupeurih, nepi ka Hana ceurik jeung teu daekeun dahar-dahar acan.

⁸Ku Elkana dibeberah, "Nyai, ku naon ceurik? Ku naon teu daek dahar? Nguluwut ku

naon? Lain Akang teh leuwih nyaah ka Nyai ti batan ka barudak sapuluh?"

⁹(1: 9-10) Dina hiji poe tas dalahar di gedong PANGERAN di Silo, Hana ngejat tuluy sasambat ka PANGERAN bari ceurik sesegruk. Kabeneran Imam Eli harita keur calik hareupeun lawang.

¹⁰(1: 9)

¹¹Hana ikrar kieu, "Nun PANGERAN Nu Maha Kawasa, tingali ieu abdi nuju kasesahan. Mugi mikaelut. Upami abdi ku Gusti dikersakeun gaduh anak tur lalaki, bade diiklaskeun sumeja kasanggakeun, saumurna sina kumawula ka Gusti sareng moal dicukur-cukur."

¹²Sabot Hana manteng neneda ka PANGERAN lila pisan, biwirna ku Eli diawas-awas.

¹³Ku sabab nenedana henteu kedal, ngan semet kuwas-kuwes henteu soraan, disangkana teh mabok.

¹⁴Eli ngalahir, "Meugeus mabok teh! Nanaonan, geura eling!"

¹⁵Wangsul Hana, "Bapa, abdi sanes keur mabok, teu nginum naon-naon. Nuju neneda, ngucutkeun kanalangsaan ka PANGERAN.

¹⁶Bapa ulah lepat panggalih nyangka abdi awewe teu puguh. Neneda dugi ka kieu teh ku margi parantos teu kiat ku nalangsa."

¹⁷Waler Eli, "Euh, sing gede hate atuh, mugia paneda Nyai diijabah ku Allah Israil."

¹⁸Wangsul Hana, "Nyuhunkeun piduana ti kersa Bapa." Geus kitu tuluy kaluar, seug barang dahar. Hatena geus janglar.

¹⁹Isukna Elkana sakulawarga harudang, tuluy sembahyang ka kersa PANGERAN, ti dinya marulang ka Ramah. Hana ku Elkana ditemahan, sarta PANGERAN ngabulkeun panuhunna.

²⁰Hana ngandeg, tuluy ngalahirkeun hiji anak lalaki, seug dingaranan Samuel, da carekna, "Beunang nyuhunkeun ti PANGERAN."

²¹Geus meujeuhna Elkana sakulawarga ka Silo deui nyanggakeun kurban taunan, jeung mayar kaulna ka PANGERAN.

²²Tapi Hana henteu milu, carekna ka salakina, "Abdi mah engke bae ari si ujang parantos eureun nyusu. Si ujang bade dibantun ka gedong PANGERAN, sina terus di ditu bae saumur hirupna."

²³Ceuk Elkana, "Heug kumaha Nyai bae, dagoan di dieu nepi ka si ujang disapih. Mugia PANGERAN ngalaksanakeun pangandika-Na ka Nyai." Hana tetep di lembur bari ngasuh orok.

²⁴Sanggeus disapih, Samuel ku Hana dibawa ka Silo, bari mawa sapi hiji umur tilu taun, tipung sapuluh kilo jeung anggur sawadah. Basa dibawa ka Kemah PANGERAN di Silo teh Samuel alit keneh pisan.

²⁵ Sanggeus sapina dipeuncit, eta murangkalih teh dibawa ka Eli.

²⁶ Piunjuk Hana ka Eli, "Punten Bapa, emut keneh manawi ka abdi, anu kapungkur katingali ku Bapa neneda di dieu, ka PANGERAN?

²⁷ Harita abdi teh nyuhunkeun dipaparin anak, ayeuna parantos dimakbul. Ieu pun anak teh.

²⁸ Ayeuna seja dibaktikeun ka PANGERAN, saumur hirupna sina ngawula ka Mantenna." Geus kitu aranjeunna sembahyang di dinya ka PANGERAN.

2 ¹ Hana ngedalkeun pupujian, kieu, "Hate bungah mendak bagja ti PANGERAN, estu bungah ku dadamelana-Na. Musuh ku kuring diseungseurikeun. Kuring kacida bagjana nampa pitulung ti Allah.

² Taya deui anu suci ngan PANGERAN, Mantenna taya anu nyasami. Taya deui panyalindungan nu saperti Allah urang.

³ Geus, maneh ulah ngan umangkuh bae, tong adigung kamagungan. Sabab PANGERAN teh Allah nu maha uninga sarta anu nimbang kalakuan tiap manusia.

⁴ Gondewa si gagah geus pingges, sabalikna nu lemah ngajadi kuat.

⁵ Nu bareto tuman seubeuh, ayeuna mah buburuh ngarah sahuap. Sabalikna nu bareto kalaparan ayeuna seubeuh. Anu bareto

garabug, ayeuna anakna nepi ka tujuh, nu bareto loba anak, ayeuna teu hiji-hiji acan.

⁶PANGERAN anu maehkeun, PANGERAN nu ngahirupkeun. Mantenna nurunkeun jelema ka enggon anu paraeh, Mantenna anu ngajait deui ti dinya.

⁷PANGERAN nu ngamiskinkeun jeung ngabeungharkeun. PANGERAN anu ngapeskeun, PANGERAN nu ngajayakeun.

⁸Nu sangsara ku Mantenna dijait tina lebu, nu balangsak dijait tina kabalangsakanana, dijadikeun mitra-mitra para bangsawan ditempatkeun di tempat anu kaajen. Dadasar bumi kagungan PANGERAN, nya di dinya Mantenna ngadegkeun jagat.

⁹Nu satia ka Mantenna hirupna diraksa, nu jahat mah musna di alam nu poek. Jalma mah moal jaya ku tanagana.

¹⁰Musuh-musuh PANGERAN bakal dibasmi, dibentar gelap ti langit. PANGERAN bakal ngahukuman sakuliah jagat, sarta maparin kawasa ka raja pilihana-Na, jeung maparin kaunggulan."

¹¹Geus kitu Elkana mulang ka Ramah, ari Samuel dikantun di Silo, sina ngawula ka PANGERAN, diasuh ku Eli.

¹²Ari putra-putra Eli, enya ge imam tapi bangkawarah, teu tolih ka PANGERAN,

¹³teu tolih kana papakon anu dipuhit ku jalma rea. Unggal aya anu ngurban kudu bae

datang bujang imam mawa panyocog huntu tilu. Daging anu keur dikulub keneh teh

¹⁴ dicocog, nu kaangkat ajang imam. Kitu bae kalakuanana ka sakabeh urang Israil anu daratang ngurban ka Silo.

¹⁵ Tampolana memeh daging diala gajihna kurbankeuneun, geus dipenta manten ku bujang imam, pokna, "Kadieukeun eta daging sawareh keur imam, rek digoreng, da teu kersaeun beunang ngulub, hoyongeun atahanana."

¹⁶ Lamun dihulag, "Engke, gajihna urang kurbankeun heula sakumaha mistina, engke mah pek bae," jawabna teh, "Ah! Kadieukeun ayeuna. Lamun teu dibikeun dirampas!"

¹⁷ Kacida dorakana kalakuan putra-putra Eli di payuneun PANGERAN teh. Kurban haturan PANGERAN nepi ka dikitukeun.

¹⁸ Ari Samuel anu murangkalih keneh tea tuluy kumawulana ka PANGERAN. Ari raksukanana raksukan husus, tina linen, cara raksukan para imam.

¹⁹ Unggal taun ku ibuna sok dipangnyieunkeun jubah leutik, dianteurkeunana ari Hana jeung salakina nganteurkeun kurban taunan.

²⁰ Lamun geus kitu Elkana jeung bojona ku Eli sok diberkahan. Kieu saurna ka Elkana, "Mugia maneh ku PANGERAN, dipaparin deui anak ti pamajikan anu ieu, keur gaganti ieu

anu diabdiikeun ka Mantenna." Sanggeus didungakeun bral marulang.

²¹ Berkahing PANGERAN, Hana boga deui anak, tilu lalaki dua awewe. Ari Samuel beuki ageung, sarta jongjon kumawula ka PANGERAN.

²² Eli geus kacida sepuhna. Geus uningaeun yen kalakuan putra-putrana ka urang Israil kitu, tur sok maraen teu uni ka awewe-awewe anu digarawe di lawang Kemah Tepangan PANGERAN.

²³ Seug putra-putrana teh diweweleh, saurna, "Ku naon kitu maraneh teh? Mani unggal jelema bebeja ka Ama perkara dosa maraneh.

²⁴ Geus, ulah kitu bae anaking! Eta anu keur jadi omong umat PANGERAN teh perkara anu kacida gorengna.

²⁵ Dosa ka papada jalma onaman aya Allah anu bakal ngabela. Ari dosa ka PANGERAN mah saha nu bakal ngabela?" Tapi panggeuingna ku putra-putrana henteu didenge, sabab geus dipasti ku PANGERAN bakal dibasmi.

²⁶ Ari Samuel beuki ageung, pada mikaresep tur dipikaasih ku PANGERAN.

²⁷ Aya hiji nabi sumping ka Eli, ngemban timbalan PANGERAN anu kieu, "Bareto Kami geus nembungkeun diri Kami ka Harun karuhun maneh, basa Harun jeung saeusimahna ngawula ka raja Mesir.

²⁸Ti saantero kaom Israil, Harun saanakanak ku Kami dipilih jadi imam Kami, purah ngurban dina altar, purah ngukus seuseungitan jeung purah make epod paragi tataros ka Kami. Jeung dibere hak meunang bagian tina kurban-kurban anu dibeuleum dina altar.

²⁹Ku naon maneh jadi hawek kana pangbakti jeung kana kurban-kurban anu ku Kami dipundut ti umat? Anak maneh diantep sakama-kama nyokotan daging anu pangalusna tina hancengan pangbakti ti umat Kami, nepi ka garendut. Maneh leuwih ngajenan ka anak ti batan ka Kami.

³⁰Kami, GUSTI Allah Israil, enya bareto jangji yen maneh saanak-anak, kitu deui kaom maneh, salawasna bakal jaradi imam pikeun Kami. Tapi ayeuna mah paliyas dilaksanakeun! Anu ngajenan ka Kami ku Kami bakal diajenan deui, anu ngahina ka Kami ku Kami bakal dihina deui.

³¹Kanyahokeun, pidatangeun mangsa Kami bakal maehan satiap jelema ngora di maneh jeung di kaom maneh. Moal aya kulawarga maneh anu umurna bisa nepi ka kolot.

³²Maneh engke kari ngenes jeung sirik nenjo berkah anu ku Kami dipaparinkeun ka hiji urang Israil lianna, da kulawarga maneh mah saurang ge moal aya anu nepi ka kolot.

³³Ngan saurang turunan maneh anu arek dihirupan sangkan terus jadi imam kumawula

ka Kami. Tapi bakal lolong jeung leungit harepan. Turunan maneh anu sejenna bakal paraeh ku jalan anu pikapaureun.

³⁴ Lamun anak maneh, Hopni jeung Pinehas geus paraeh duanana sapoe reujeung, eta tanda sagala anu ditimbalkeun ku Kami pasti ngajadi.

³⁵ Kami rek ngangkat hiji imam anu tangtu bakal satuhu, anu bakal ngalakonan sagala pamundut Kami. Ku Kami rek dibere anak incu anu salawasna baku marek ka raja pilihan Kami.

³⁶ Satiap anak incu maneh anu harirup keneh, bakal jajaluk ka eta imam, ngarah duit sacepeng, hakaneun sahuap, bari lumengis menta diidinan babantu ka imam ngarah bisa dahar."

3 ¹Dina mangsa-mangsa eta, waktu Samuel kumawulana ka PANGERAN dina panalingaan Eli, carang aya timbalan PANGERAN. Titingalan gaib oge ti Mantenna langka aya.

²Dina hiji peuting Eli ebog di pajuaran, socana geus meh teu iasa ningali.

³Ari Samuel mondokna di kamar tempat nyimpen Peti Perjangjian anu suci tea, lampuna ngagateng. Sanggeus deukeut ka subuh,

⁴PANGERAN ngagentaan ka Samuel, seug diwangsul, "Nun!"

⁵Bari tuluy muru ka Eli, unjukan, "Ieu abdi, Bapa teh nyaur?" Waler Eli, "Bapa teu nyalukan! Sare deui ka ditu." Samuel ngedeng deui ka enggonna.

⁶(3: 6-7) Ku PANGERAN digentraan deui. Eta murangkalih teu terangeun yen anu ngagentaan teh PANGERAN, kawantu saumurna kakara harita digentraan ku Mantenna. Korejat deui muru ka Eli, unjukan, "Ieu abdi, Bapa nyaur?" Waler Eli, "Henteu anaking, kami teu nyaur. Jung sare deui."

⁷(3: 6)

⁸PANGERAN ngagentaan deui katilu kalina. Samuel muru deui ka Eli, unjukan, "Ieu abdi, Bapa ngagentaan." Geus kitu ku Eli kagalih yen anu ngagentaan ka eta murangkalih teh PANGERAN.

⁹Saurna, "Sare deui bae. Lamun digentraan deui Ujang kudu ngawangsul, Nun PANGERAN, sumangga ngandika, abdi sumeja ngupingkeun." Samuel balik deui ka enggonna.

¹⁰Ti dinya PANGERAN sumping, ngadeg di eta kamar, lajeng ngagentaan kawas tadi, "Samuel! Samuel!" Samuel ngawangsul, "Sumangga ngandika, abdi sumeja ngupingkeun."

¹¹PANGERAN nimbalan, "Kami rek ngadamel hiji perkara anu matak gimir di Israil, matak bingung anu ngadenge.

¹²Kami rek ngabuktikeun ancaman-ancaman Kami ka saeusimah Eli ti mimiti nepi ka anggeus.

¹³Eli ku Kami geus dibejaan yen manehna jeung saeusimahna rek dikeunaan siksa sapapanjangna, sabab anak-anakna geus ngagogoreng ka Kami. Eli sangkilang nyahoeun kana kagoreangan anak-anakna henteu nyarek-nyarek acan.

¹⁴Mana Kami sumpah, yen kurban atawa sasajen naon bae oge moal bisa nyirnakeun kadorakaan kulawarga Eli anu sakitu bangetna."

¹⁵Samuel tetep di enggon, turun-turun sanggeus isuk, tuluy mukaan panto-panto kemah PANGERAN, bari bingung kumaha ngabejakeunana eta tetenjoanana ka Eli.

¹⁶Ti dinya Eli ngagentaan, "Samuel, Ujang!" Jawab Samuel, "Nun!"

¹⁷Eli mariksa, "Nimbalan naon PANGERAN ka hidep? Caritakeun, ulah aya nu dikemu. Lamun aya anu dikilungan, tangtu hidep dibenduan ku Allah."

¹⁸Ku Samuel dicaritakeun sabalakana teu aya nu disumputkeun. Ari saur Eli, "Mantenna teh PANGERAN. Sakersa-Na tangtu ngajadi."

¹⁹Ari Samuel beuki ageung, disareengan ku PANGERAN. Timbalan PANGERAN anu dicaritakeun ku Samuel tea kabeh kajadian.

²⁰Ti dinya kaceluk ka sabangsa Israil di suklakna di siklukna, yen Samuel teh nabi Allah.

²¹Sarta PANGERAN bakal terus ngebrehan di Silo, di tempat mimiti nembongan jeung nimbalan ka Samuel. Satiap Samuel micatur ku bangsa Israil terus digarugu.

4 ¹Mangsa eta urang Pelisti sasadiaan rek merangan Israil. Urang Israil ge geus taki-taki rek mapag perang. Balad Israil masanggrahan di Eben Haeser, ari urang Pelisti di Apek.

²Ger perang campuh, urang Israil eleh, baladna anu kasambut aya opat rebu urang.

³Anu harirup keneh baralik ka pasanggrahan. Ari ceuk para pamingpinna, "Poe ieu urang ku PANGERAN dikersakeun eleh ku urang Pelisti, naon sababna? Coba Peti Perjangjian PANGERAN urang cokot ti Silo, sina aya di urang supaya urang luput ti musuh."

⁴Tuluy nitahan ka Silo, seug Peti Perjangjian PANGERAN anu jadi tahta PANGERAN Nu Maha Kawasa teh digarotong. Dua putra Eli, Hopni jeung Pinehas ngiringkeun eta Peti Perjangjian.

⁵Sanggeus eta Peti Perjangjian datang, ger urang Israil sarurak mani ngageder, bumi ge datang ka inggeung.

⁶Urang Pelisti tingtaranya, "Aya naon di pasanggrahan urang Ibrani, surakna mani ngageder? Naon maksudna?" Sanggeus

nyarahoeun yen di pasanggrahan Israil aya
Peti Perjangjian PANGERAN,

⁷ seug sarieuneun. Pok ngaromong, "Allahna
geus aya di pasanggrahanana! Cilaka urang
lamun kieu! Tacan kungsi urang nyorang
kajadian kawas kieu!"

⁸ Saha nu pikuateun nyalametkeun urang ti
eta Allah anu sakitu kawasana? Eta teh Allah
anu bareto numpes urang Mesir di gurun
keusik tea!

⁹ Eh urang Pelisti! Tong sieun! Sing jaradi
lalaki, ulah nepi ka jadi badega urang Israil
urut badega-badega urang bareto. Hayu
urang maju, sing jaradi lalaki!"

¹⁰ Ger urang Pelisti narajang. Urang Israil
eleh, kalabur ka lemburna. Baladna ruksak,
aya tilu puluh rebu urang anu kasambut.

¹¹ Peti Perjangjian Allah karampas. Putra Eli,
Hopni jeung Pinehas duanana tiwas.

¹² Aya hiji jelema urang kaom Binyamin,
lumpat ti pangperangan ka Silo, poe eta
keneh nepi. Bajuna disosoeh jeung sirahna
diteundeunan lebu nandakeun prihatin.

¹³ Harita Eli keur calik dina korsi sisi jalan,
melong ka jauhna bawaning ku melang kana
Peti Perjangjian. Eta jelema terus nyebardeun
beja ka sakuliahna. Jelema-jelema ear
careurik, sarieuneun.

¹⁴ Ngadangu guyur-guyur Eli mariksa, "Aya
naon guyur?" Eta jelema nyampeurkeun ka
Eli rek bebeja.

¹⁵ (Harita yuswa Eli geus meh salapan puluh dalapan taun, geus meh teu iasa ningali.)

¹⁶ Eta jelema unjukan, "Sadinten jeput abdi lumpat ti pangperangan ka dieu." Eli mariksa, "Kumaha Ujang, aya naon?"

¹⁷ Jawab anu mawa beja, "Israil kabur ti urang Pelisti. Urang kasoran nemen pisan! Jabi ti kitu teh tuang putra Hopni sareng Pinehas tiwas, Peti Perjangjian Allah oge karampas!"

¹⁸ Ngadangu Peti Perjangjian karampas Eli geubis ngalenggak, tijengkang tina korsina di sisi lawang. Ku sabab geus kacida sepuhna jeung salirana bayuhyuh, barang geubis teh tenggekna potong, kereles pupus. Ari ngurusna ka urang Israil opat puluh taun.

¹⁹ Mantu Eli, randa Pinehas harita keur ngandung sabroleun. Barang ngadenge yen Peti Perjangjian karampas, turug-turug mertuana pupus jeung carogena tiwas, ujug-ujug purungkut, brol bae ngalahirkeun.

²⁰ Barang rek pupus, ditegeran ku awewe-awewe anu nulungan ngalahirkeun, "Sing kiat Juragan, putra teh pameget!" Tapi anjeunna teu nolih, teu ngawaler.

²¹ Ari putrana dijenenganan Ikabod, saurna, "Kamulyaan Allah geus nyinkah ti Israil," lantaran Peti Perjangjian karampas, mertuana pupus, carogena tiwas.

²²Jadi saurna, "Kamulyaan Allah geus teu aya di Israil, sabab Peti Perjangjian Allah geus karampas."

5 ¹Peti Perjangjian anu geus karampas ku urang Pelisti dibawa ti Eben Haeser ka Asdod, kota maranehna,

²diteundeun di kuil Dewa Dagon di gigireun eta brahala.

³Barang bray isuk kasampak arca Dagon teh nyuksruk kana taneuh, nyuuuh hareupeun Peti Perjangjian. Seug eta arca teh ditangtungkeun deui dina tempatna.

⁴Isukna deui eta arca teh kasampak geus nyuksruk deui hareupeun Peti Perjangjian, malah huluna jeung leungeunna duanana geus marisah, ngagaloler dina bangbarung, ngan kari awakna.

⁵(Mana nepi ka ayeuna ge imam-imam Dagon, kitu deui sakur anu rek maruja ka kuil di Asdod tara aya anu nincak kana eta bangbarung, ngan ngalengkahan wungkul.)

⁶Urang Asdod ku PANGERAN dihukum jeung diguyurkeun. Urang dinya jeung sakurilingeunana digebug ku kasakit bungkul.

⁷Meunang balahi kitu urang Pelisti nyararita kieu, "Urang, kitu deui batara Dagon, disiksa ku Allahna urang Israil. Eta Peti Perjangjian ulah aya di dieu."

⁸Ti dinya maranehna nitah ngalulungsur raja-raja Pelisti anu kabehna limaan, dipentaan nasehat, "Kedah dikumahakeun

Peti Perjangjian Allahna urang Israil teh?"
Jawabna, "Pindahkeun ka Gat!" Tuluw
dipindahkeun ka Gat, kota sejen di Pelisti.

⁹Ari nepi ka Gat, urang dinya ge ku
PANGERAN diguyurkeun, digebug ku kasakit
bungkul, kolot budak taya nu kari.

¹⁰Seug Peti Perjangjian teh dipindahkeun
ka Ekron, di Pelisti keneh. Barang nepi,
urang Ekron tingjerewet, pokna, "Make
dipindahkeun ka dieu eta Peti Perjangjian
Allahna urang Israil teh, ngarah urang
pararaeh!"

¹¹Ti dinya ngalulungsur deui raja-raja
Pelisti anu limaan tea. Ceuk maranehna,
"Pulangkeun eta Peti Perjangjian urang Israil
teh ka asalna, ulah nepi ka meakkeun bangsa
urang!" Sakuliah kota eta jadi kacida guyurna
nandangan panyiksa ti PANGERAN sakitu
bangetna.

¹²Anu tacan paraeh, keuna ku eta bungkul,
nepi ka jalma-jalma teh tingjarerit marenta
tulung ka batarana.

6¹Peti Perjangjian PANGERAN ayana di
urang Pelisti geus tujuh bulan.

²Geus kitu urang dinya ngala imam-imam
jeung tukang-tukang nujum. "Kudu kumaha
urang teh ka eta Peti Perjangjian PANGERAN?
Mun dipulangkeun kudu bari mere naon?"

³Jawabna, "Enya, mun eta Peti Perjangjian
Allahna urang Israil dipulangkeun, kudu
make kikiriman keur nebus dosa maraneh.

Ulah pulang kosong kitu bae. Malak mandar maraneh calalageur, jeung nyaraho, naon sababna nu matak disiksa."

⁴ "Kudu ngahaturanan naon atuh?" ceuk jalma-jalma. Jawabna, "Bubungkulan tina emas jeung beubeuritan tina emas, lima-lima siki nurutkeun bilangan lima raja-raja Pelisti, sabab ieu balahi teh teurakna ka maraneh jeung ka raja-raja anu lima.

⁵ Mana kudu dijieun tironanana, bungkul jeung beurit anu geus ngaruksak di tanah maraneh. Jeung maraneh kudu nembongkeun hormat ka Allahna urang Israil, malak mandar kersaeun nyabut siksaana-Na ti maraneh, ti batara jeung tanah maraneh.

⁶ Naon gunana nurutan bedegongna raja Mesir sarahayatna teh? Piraku geus paroho maranehna ku Allah dikumahakeun, nepi ka kapaksa ngidinan urang Israil budal ti Mesir.

⁷ Ayeuna sadiakeun padati anyar, pasangkeun ka dinya dua sapi nu keur anakan jeung tacan kungsi dipake narik nanaon, anakna kandangkeun.

⁸ Peti Perjangjian PANGERAN puatkeun. Bubungkulan emas jeung beubeuritan emasna petian, teundeun gigireunana keur pangbakti ka Anjeunna, pikeun nebus dosa maraneh. Sina ditarik padatina ku sapi, ingkeun sina leumpang karepna sorangan.

⁹ Awaskeun ka mana majuna. Lamun ka Bet Semes tetela balahi teh enya ti Allahna urang

Israil. Lamun lain ka dinya, balahi teh lain ti Anjeunna, keur kapareng bae."

¹⁰Prak dipetakeun, sapi dipasang kana padati, anakna dikandangkeun.

¹¹Peti Perjangjian diunggahkeun kana padati, kitu deui peti bubungkulan jeung beubeuritan emasna.

¹²Tuluy sapi teh maju meneran jalan anu ka Bet Semes, tonggoy henteu pungkal-pengkol bari disarada emoh-emohan, dituturkeun ku lima raja tea nepi ka wates Bet Semes.

¹³Urang Bet Semes keur di taregal dibaruat. Barang narenjoeun teh kacida aratoheunana.

¹⁴Srog padati nepi ka lahan Yosua urang Bet Semes, reg eureun deukeut hiji cadas lempar. Padatina ku urang dinya tuluy dibeulahan, sapina dipareuncit dikurbankeun ka PANGERAN.

¹⁵Peti Perjangjian jeung peti bubungkulan jeung beubeuritan emasna diangkat ku urang Lewi, diteundeun dina cadas lempar tea. Prak urang Bet Semes ngahaturkeun kurban beuleuman jeung kurban lianna deui ka PANGERAN.

¹⁶Sapeta-petana diarawaskeun ku raja-raja Pelisti anu limaan, geus kitu eta raja-raja teh baralik ka Ekron poe eta keneh.

¹⁷Bubungkulan emas pangbakti urang Pelisti ka PANGERAN teh pikeun panebus dosa maranehna ti lima nagara Pelisti: Ti Asdod

hiji, ti Gasa hiji, ti Askelon hiji, ti Gat hiji, ti Ekron hiji.

¹⁸ Beubeuritan emasna oge ti tiap nagara anu lima keneh, nya eta ti nagara-nagara cangkingan raja nu limaan, ngurung kota-kota anu make kuta jeung desa-desa pasisionana. Batu cadas lempar di lahan Yosua urang Bet Semes urut neundeun Peti Perjangjian PANGERAN tea aya nepi ka kiwari, jadi saksi tina kajadian harita.

¹⁹ Tapi urang Bet Semes ahirna jadi prihatin, sabab aya anu tiwas ku PANGERAN nepi ka tujuh puluh jelema, lantaran narempo kana Peti Perjangjian.

²⁰ Ceuk urang Bet Semes, "Ari kieu mah saha nu kuat cicing di payuneun PANGERAN, Allah anu suci? Kudu ka mana dipindahkeunana supaya jauh ti urang?"

²¹ Tuluy nitahan jelema ka urang Kiryat Yarim, talatahna, "Peti Perjangjian PANGERAN parantos dipulangkeun ku urang Pelisti. Geura candak."

7 ¹ Seug Peti Perjangjian PANGERAN teh digarotong ku urang Kiryat Yarim, tuluy diteundeun di imah Aminadab, pernahna di hiji pasir. Ti dinya tuluy nyucikeun anak Aminadab anu ngaran Elasar sina ngurus eta Peti.

² Peti Perjangjian PANGERAN ayana di Kiryat Yarim lila pisan, kira-kira dua puluh taun. Nya

sakitu lilana urang Israil tingaraduh butuh ku pitulung PANGERAN.

³ Geus kitu Samuel ngalahir ka urang Israil, "Lamun bener maraneh rek enya-enya tarobat ka PANGERAN, aallahan bangsa sejen jeung arca-arca Dewi Astoret kudu dipiceun, singkirkeun. Pasrahkeun diri sagembengna ka PANGERAN, sarta kudu nyembah ka Mantenna bae. Tangtu Mantenna bakal ngaluputkeun maraneh tina kakawasaan urang Pelisti."

⁴ Seug urang Israil miceunan sesembahanana, arca Dewa Baal jeung arca Dewi Astoret, terus nyarembahna ngan ka PANGERAN wungkul.

⁵ Geus kitu Samuel marentah supaya urang Israil kumpul kabeh di Mispa. Saurna, "Bapa arek mangnedakeun maraneh di ditu."

⁶ Seug urang Israil ngumpul di Mispa. Ti dinya maranehna nimba, caina dibahekeun tanda dibaktikeun ka PANGERAN. Sapoe eta maranehna paruasa sarta ngaromong kieu, "Kuring tarima dosa ka PANGERAN." (Ari Samuel di Mispa teh muka pangadilan, ngahakiman perkara urang Israil.)

⁷ Urang Pelisti meunang beja yen urang Israil keur kumpul di Mispa, seug lima raja urang Pelisti budal mawa balad arek nempuh. Urang Israil sarieuneun,

⁸ pok arunjukan ka Samuel, "Mugi ulah petot-petot neneda ka Allah urang, mugi-mugi

urang ku Mantenna diluputkeun ti urang Pelisti."

⁹Samuel meuncit hiji anak domba, tuluy diduruk kabeh dikurbankeun ka PANGERAN. Geus kitu anjeunna sasambat ka PANGERAN nyuhunkeun pitulung pikeun urang Israil. Panyambatna ku PANGERAN dikabul.

¹⁰Waktu Samuel keur ngahaturkeun eta kurban, urang Pelisti geus murubul arek nyelempek. Tapi ku PANGERAN dipapag ku sora pating gulugur di langit, tuluy gujrud nepi ka paburisat.

¹¹Breg ku urang Israil diambreg ti Mispa, terus dibeledig meh nepi ka Bet Kar, sapapanjang jalan disarabetan ku pedang.

¹²Geus kitu Samuel nangtungkeun hiji batu antara Mispa jeung Sen, sarta saurna, "Tepi ka poe ieu PANGERAN mitulung ka urang." Eta batu ku anjeunna dingaranan "Eben Haeser" hartina: Batu Pitulung.

¹³Urang Pelisti geus eleh. Saterusna ku PANGERAN dicegah sangkan maranehna ulah bisa deui ngarurug ka wewengkon urang Israil sapanjang Samuel jumeneng.

¹⁴Kota-kota antara Ekron jeung Gat anu geus karebut ku urang Pelisti, kabeh beunang deui ku urang Israil. Ku hal eta wewengkon Israil jadi weuteuh deui. Jaba ti kitu, urang Israil jadi rapih jeung urang Kanaan.

¹⁵Samuel ngapingna ka urang Israil teh sapanjang jumenengna.

¹⁶ Saban taun anjeunna sok nguriling ka Betel, Gilgal jeung Mispa, sarta saban-saban sumping sok muka pangadilan ngahakiman perkara.

¹⁷ Sabada kitu tuluy mulih ka Ramah. Di dinya ge jadi hakim. Di Ramah anjeunna ngadegkeun hiji altar baktikeuneun ka PANGERAN.

8 ¹ Sanggeus beuki sepuh Samuel ngangkat putra-putrana jadi hakim di Israil.

² Putra nu pangsepuhna jenenganana Yoel, ari raina Abia, duanana jaradi hakim di Bersyeba.

³ Tapi lampahna henteu cara ramana, moro-moro duit bae, nepi ka daraek nampa pangruruba ari mutus perkara tara jujur.

⁴ Pamingpin Israil kabeh baradami, geus kitu ngadareuheus ka Samuel di Ramah.

⁵ Pok arunjukan, "Bapa parantos sepuh, dupi putra benten deui ti rama. Ku margi kitu kedah aya raja anu pingatureun. Jadi abdi-abdi hayang gaduh raja cara nagara-nagara sanes."

⁶ Samuel teu raos manahna ngadangu nu marenta raja, tuluy neneda ka PANGERAN.

⁷ Ari timbalan PANGERAN, "Gugu sapamentana. Anu ditolak lain maneh, tapi Kami, raja maranehna.

⁸ Ingkarna ti Kami geus ti bareto. Ti barang dibudalkeun ti Mesir ge geus mimiti nyarembah ka allah-allah sejen.

Peta kalakuanana ka maneh ayeuna, nya
kalakuanana ka Kami sapapanjangna.

⁹ Mana keun bae turutkeun. Tapi omat-
omatkeun kumaha kituh balukarna engke ari
geus baroga raja."

¹⁰ Tuluy nu marenta raja teh ku Samuel
dicariosan sakumaha timbalan PANGERAN,
saurna,

¹¹ "Kieu engke raja maraneh metakeun
maraneh teh," Samuel nerangkeun. "Anak
maraneh bakal disina arasup tentara,
sawarehna disina mawa kareta perang,
sawarehna dijieun tentara pasukan kuda,
sawarehna deui dijieun purah lumpat
hareupeun kareta perang,

¹² sawareh disina jaradi kapala balad sarebu,
sawarehna deui jadi kapala balad lima
puluhan. Aya oge anu disina ngawaruluku di
lahan-lahan raja jeung mibuatanana, jeung
aya anu disina nyarieunan pakarang jeung
nyarieunan pakakas kareta perang.

¹³ Anu awewe disina nyarieunan
seuseungitan pikeun raja, disina jaradi
koki, disina jaradi tukang nyieun kueh
tuangeun raja.

¹⁴ Lahan-lahan maraneh anu pangalusna,
kebon-kebon anggur, kebon-kebon jetun,
ku raja bakal dicokot dibikeun ka para
gegedenna.

¹⁵Gandum jeung buah anggur maraneh bakal dicokot saperpuluhna, pikeun para pangawal karaton jeung para gegeden lianna.

¹⁶Gandek-gandek, sapi-sapi nu pangalusna kitu deui kalde-kalde maraneh, aya anu dicokot sina dipake digawe pikeun raja.

¹⁷Ingon-ingon maraneh saperpuluhna dicokot, sarta maraneh sorangan kudu jaradi badegana.

¹⁸Jadi lamun geus baroga raja, maraneh bakal rumahuh ka raja beunang hayang maraneh. Tapi rumahuh ge ku PANGERAN moal didangu."

¹⁹Kasauran Samuel teu dipirosea, pokna ge, "Sawios da hayang gaduh raja,

²⁰hayang cara nagara-nagara batur gaduh raja sorangan, anu bakal ngatur sareng mingpin jurit di pangperangan."

²¹Samuel mungkur ti maranehna. Sagala omongan jalma-jalma tea diunjukkeun ka PANGERAN.

²²Ari timbalan PANGERAN, "Ayunkeun naon kahayangna, pek bere raja." Ti dinya eta jelema-jelema urang Israil teh ku Samuel dititah baralik.

9¹Aya hiji jelema kaom Binyamin, ngaranna Kis bin Abiel incu Seror, kaasup rundayan Bekorat ti bani Apiah, jelema sugih mukti.

²Boga anak lalaki ngaranna Saul, kasep keur meumeujeuhna pisan, awakna jangkung,

anu sejen mah ngan semet taktakna, sarta kasepna meakkeun batur.

³Dina hiji poe kalde Kis leungit sababaraha siki. Tuluy nitah diteangan ku Saul, pokna, "Teangan kalde teh. Menta dianteur ka gandek saurang."

⁴Bral Saul jeung gandek arindit, tuluy ngubek sapagunungan Epraim jeung sawewengkon Salisa, tapi kalde teh teu kapanggih di dinya. Ti dinya disaksrak ka Saalim, tapi di dinya ge teu aya. Sup ka wewengkon Binyamin teu aya keneh.

⁵Sanggeus aya di wewengkon Sup, Saul nyarita ka gandek, "Urang balik bae bisi ama deudeupeun, asal melang ka kalde jadi melang ka urang."

⁶Jawab gandek, "Di dieu aya jalmi lepus pada mikaserab ku sadaya, saucap-ucapna nyata. Urang taros manawi iasaeun nuduhkeun kalde anu leungit."

⁷Ceuk Saul, "Ngadeuheus teh naon bawaeun, bekel geus beak geus euweuh naon-naon, boro-boro keur ngahaturan."

⁸Ceuk gandek, "Ieu aya di abdi, artos perak alit. Haturanan ieu bae manawi kersaeun nuduhkeun di mana eta kalde-kalde teh."

⁹(9: 9-11) Ceuk Saul, "Sukur atuh, hayu!" Bral arindit ngajugjug ka pangcalikan abdi Allah tea. Barang keur naranjak ka tempat abdi Allah anu ayana di hiji pasir, paamprok jeung parawan-parawan urang dinya anu rek

ngarala cai, seug ditanya, "Ari juru tingal aya di bumina?" (Jaman harita mah nabi teh disebutna juru tingal. Jadi lamun aya anu rek tataros ka Allah, ngomongna teh, "Hayu urang ka juru tingal.")

¹⁰(9: 9)

¹¹(9: 9)

¹²(9: 12-13) Jawabna, "Aya, malah itu tuh di payun keur ka tonggohkeun. Upami diudag tangtos kasusul. Sajolna engke ka lebet kota tangtos enggal kapendak. Nembe sumping dinten ieu, margi di dieu bade ngayakeun kurban dina altar di puncak pasir. Memeh sumping anjeunna mah kurban teu acan kenging ditareda, kedah diberkahan heula ku anjeunna. Enggal, bilih anjeunna kabujeng ka puncak ngersakeun tuang."

¹³(9: 12)

¹⁴Saul jeung gandek nuluykeun leumpangna ka jero kota. Barang sup katenjo Samuel keur ka dieukeun seja ngabujeng ka tempat babakti.

¹⁵Poe kamarina Samuel ku PANGERAN geus dicariosan kieu,

¹⁶"Isukan kira-kira wayah kieu Kami rek ngadatangkeun hiji jelema ka maneh, urang kaom Binyamin. Ku maneh minyakan ku minyak suci, jieun raja sina ngarajaan umat Kami Israil. Eta teh anu bakal ngajait urang Israil ti urang Pelisti. Kami uninga kumaha

sangsarana urang Israil, sasambatna menta tulung ku Kami geus kadangu."

¹⁷ Barang Samuel neuteup ka Saul, PANGERAN nimbalan, "Tah eta jelema anu ceuk Kami tea. Eta anu bakal ngarajaan umat Kami teh."

¹⁸ Saul nyampeurkeun ka Samuel deukeut lawang kori, pok nanya, "Dipi bumi juru tingal teh palih mana?"

¹⁹ Waler Samuel, "Ieu Bapa juru tingal teh. Jung ti heula ka tempat babakti. Hidep poe ieu kudu dahar jeung Bapa. Hal kaperluan hidep mah isukan isuk-isuk ku Bapa dijawab. Geus kitu kakara engke ku Bapa dijurung balik.

²⁰ Perkara kalde anu leungit geus tilu poe, teu kudu dipake salempang, geus kapanggih. Tapi, saha coba anu kacida dipikahayangna ku urang Israil? Hidep pisan, jeung sabaraya-baraya hidep."

²¹ Wangsul Saul, "Abdi teh ti kaom Binyamin, kaom anu pangalitna di Israil. Kawuwuh-wuwuh di kaom Binyamin oge wargi-wargi abdi mah sadayana sanes jalmi penting. Naon maksad kasauran Bapa bieu perkawis diri abdi?"

²² Saul jeung gandekna ku Samuel dicandak ka hiji rohangan lega, didiukkeunana nyanghareupan meja panggirangna, anu geus diriung ku kira-kira tilu puluh urang tamu.

²³ Samuel ngalahir ka nu popolah, "Daging anu ti kami, anu ceuk kami pangnyimpenkeun tea kadieukeun."

²⁴ Seug daging teh ku nu popolah diangkat sapingping, sok diidangkeun ka hareupeun Saul. Geus kitu Samuel ngalahir deui, "Ieu teh bagian meunang Bapa misahkeun keur hidep. Mangga dituang. Ngahaja ku Bapa disimpen keur hidep, supaya dituang ayeuna bareng jeung tamu-tamu ondangan Bapa." Jadi dina poe eta Saul dahar bareng jeung Samuel.

²⁵ Sanggeus marudun ti tempat babakti ka kota, Saul dipangnetebahkeun enggon keur mondok di loteng.

²⁶ Reup Saul sare. Wanci balebat ku Samuel dihudangkeun, saurna, "Geura hudang, ku Bapa rek dijurung mulang." Sanggeus hudang ku Samuel dijajapkeun.

²⁷ Nepi ka wates kota Samuel sasauran ka Saul, "Gandek hidep jurungkeun sina ti heula." Sanggeus gandek tea indit, Samuel sasauran deui, "Cicing heula sakedap, Bapa rek nepikeun timbalan Allah ka hidep."

10¹ Ti dinya Samuel ngaluarkeun buli-buli minyak jetun, minyakna dikucurkeun kana sirah Saul. Geus kitu anjeunna nyium ka Saul sarta ngalahir, "Hidep ku PANGERAN dilisahan, dijenengkeun pikeun ngatur umat-Na urang Israil. Atur ku hidep, jaga ti

musuh-musuhna. Tandana yen hidep dianggo ku PANGERAN jadi raja umat-Na teh kieu:

²Sanggeus hidep poe ieu pisah ti Bapa, engke di Selsah wewengkon Binyamin, deukeut makam Rahel, hidep bakal amprok jeung dua jelema anu rek pupulih ka hidep yen kalde nu keur diteangan teh geus kapanggih. Bapa hidep geus teteg manahna, kari melangna ka hidep mani pok deui, pok deui nataroskeun, Ka mana kudu diteangna atuh si ujang teh?

³Ti dinya hidep kudu terus leumpang nepi ka tangkal karamat di Tabor. Di dinya bakal papanggih jeung tilu jelema anu rek ka Betel rek babakti ka Allah. Nu saurang nungtun tilu anak embe, nu saurang mawa roti tilu siki, nu saurang deui mawa cai anggur sawadah pinuh.

⁴Bakal nyalaman ka hidep jeung nawaran roti dua siki. Tarima!

⁵Ti dinya kudu terus ka Pasir Allah di Gibea, anu keur dipake masanggrahan ku urang Pelisti. Di lawang kota bakal pasanggrog jeung rombongan nabi anu keur marudun tas ngurban di luhur pasir, narabeuh kacapi, terebang, suling, jeung gambus, bari ngarigel jeung tinghaleuang.

⁶Sabot kitu hidep bakal katungtun ku Roh PANGERAN, jadi beda ti biasa, tuluy milu ngigel jeung ngahaleuang.

⁷ Upama eta ciri-ciri enggeus bukti, turutkeun sagala tungtunan Allah.

⁸ Hidep kudu miheulaan Bapa ka Gilgal, engke ku Bapa ditepungan di ditu, urang nyanggakeun kurban beuleuman jeung kurban karapihan. Dago bae di dinya tujuh poe nepi ka Bapa datang nuduhan pilakueun hidep."

⁹ Barang Saul malik ti Samuel neruskeun laku, ku kersaning Allah jadi asa salin jinis. Jeung ciri-ciri anu dilahirkeun ku Samuel tea poe eta kajadian.

¹⁰ Jol ka Gibea, Saul jeung gandekna pasanggrog jeung rombongan nabi. Ku kersaning Roh Allah Saul ujug-ujug milu ngigel jeung ngahaleuang marengan eta nabi-nabi.

¹¹ Urang dinya anu geus warawuheun ka Saul, narenjo Saul ngigel teh jadi tingtaranya, pokna, "Keur naon eta anak Bapa Kis teh? Geus jadi nabi, kitu?"

¹² Ceuk nu saurang, "Ari eta nabi-nabi anu loba, coba saha bapana?" Ti semet harita di dinya jadi aya kacapangan kieu, "Kutan Saul oge jadi nabi?"

¹³ Eureun ngigel jeung hahaleuangan Saul terus ka tempat babakti di luhur pasir.

¹⁴ Pamanna nenjoeun ka Saul jeung gandekna, tuluy nanya, "Tas ti marana?" Ceuk Saul, "Tas miliaran kalde leungit. Mung

ku margi henteu kapendak, lajeng ka Bapa Samuel."

¹⁵"Kumaha saurna?" ceuk pamanna.

¹⁶Jawab Saul, "Saurna kalde parantos kapendak." Ari pilahir Samuel perkara anjeunna bakal jadi raja mah disidem bae.

¹⁷Jalma-jalma ku Samuel dipiwarang kumpul di Mispa pikeun kumpulan ngabakti.

¹⁸Pilahirna, "Kieu timbalan PANGERAN Allah Israil, Maraneh ku Kami dicandak ti Mesir, disalametkeun ti urang Mesir jeung ti bangsa-bangsa lianna anu ngagencet ka maraneh.

¹⁹Kami teh Allah maraneh, anu nyalametkeun maraneh tina sagala kacilakaan jeung kasukeran. Tapi ayeuna maraneh ka Kami marenta raja, jadi Kami teh ditoker. Tapi kajeun. Geura karumpul payuneun PANGERAN, nurutkeun kaom jeung golongan masing-masing."

²⁰Geus kitu unggal kaom ku Samuel dipiwarang ngasrog ka hareup. Seug ku PANGERAN katujul kaom Binyamin.

²¹Tuluy kulawarga-kulawarga ti kaom Binyamin sina maju ka hareup, tuluy katujul kulawarga Matri. Sanggeus kulawarga Matri ka hareup, anu katujul teh Saul bin Kis. Tapi barang ditareangan teh Saul teu aya di dinya.

²²Tuluy ditaroskeun ka PANGERAN, "Dipi jalmina aya di dieu?" Waler PANGERAN, "Saul keur nyumput di tukangeun barang-barang."

²³Tuluy sawareh lalumpat neang, Saul tuluy dibawa ka hareupeun jalma rea. Ari beh kaciri jangkungna nyongcolang ti batur, nu sejen mah ngan semet taktakna.

²⁴Samuel ngalahir, "Ieu anu ditujul ku PANGERAN teh! Di urang mah teu aya deui anu kawas anjeunna." Ger jalma-jalma surak, pokna, "Wilujeng raja!"

²⁵Ti dinya Samuel ngalahir ka jalma rea, ngadadar perkara hak jeung kawajiban raja, malah tuluy diseratkeun jadi kitab, anu saterusna disimpen di tempat suci. Geus kitu jelema-jelema dipiwarang marulang.

²⁶Saul oge mulih ka Gibea, disarengan ku sawatara urang jelema anu garagah, anu hatena digerakkeun ku Allah.

²⁷Tapi aya jelema-jelema anu bangkawarah ngaromong kieu, "Mana bisa jelema kitu aya pigunaeunana keur urang?" Maranehna nganggap enteng ka Saul jeung teu mere hadiah naon-naon.

11 ¹Heuleut sabulan ti harita, kota Yabes di wewengkon Gilad diperangan, geus dikepung ku Raja Nahas sabalandna ti nagara Amon. Urang Yabes seja taluk tuluy haturan ka Nahas, pokna, "Kaula sumeja taluk, mung nyuhunkeun jangji."

²Tembal Nahas, "Heug kami jangji, tapi aya saratna: Mata katuhu maraneh kudu dicokel sangkan kaciri hinana urang Israil."

³Tembal pamingpin urang Yabes, "Menta tempo tujuh poe rek ngutusan heula ka sakuliah tanah Israil. Lamun geus teu aya anu sanggup ngabantuan, kaula sumeja pasrah."

⁴Beja ti utusan urang Yabes geus nepi ka Gibea pangcalikan Saul. Urang dinya jadi ear tingjarerit.

⁵Harita Saul kakara sumping ti tegal ngagiringkeun sapi. Pok mariksakeun, "Aya naon jelema-jelema tingjarerit?" Tuluy diunjukkeun beja anu katarima ti urang Yabes.

⁶Barang ngadangu warta kitu, ku kersaning Allah manahna ngentab asa kasebit.

⁷Kek kana sapi dua, sapi teh dipeuncit tuluy dipotong-potong. Potongan-potonganana dipiwarang diider-ider ka sakuliah tanah Israil, sarta timbalanana, "Sing saha anu henteu indit perang ngiring ka Saul jeung Samuel, sapina rek dikieukeun! Bring urang Israil arindit, geus samiuk lir jalma saurang, sabab sieuneun dibenduan ku PANGERAN.

⁸Ku Saul dikumpulkeun di Besek. Aya 300.000 jelema ti Israil jeung 30.000 ti Yuda.

⁹Utusan ti Yabes ditalatahan kieu, "Bejakeun ka dulur-dulur di ditu, isukan ge samemeh burit geus bebas." Meunang beja kitu urang Yabes teu kira-kira barungaheunana.

¹⁰Tuluy haturan ka Nahas, "Isukan kaula rek pasrah, mangga kumaha sakersa."

¹¹ Poe isukna balad teh ku Saul dibagi tilu. Wanci balebat tuluy muru pasanggrahan musuh. Der balad Amon ditarajang, sarta memeh tengah poe geus gempar patulayah, anu harirup keneh paburisat, masing-masing nyalametkeun dirina sorangan-sorangan.

¹² Bangsa Israil arunjukan ka Samuel, "Mana jalmi-jalmi anu kamari ieu nyebatkeun Saul teu pantes jadi raja teh? Mugi diselehkeun bade diperenan!"

¹³ Tapi saur Saul, "Poe ieu ulah aya jelema anu dipaehan. Sabab poe ieu urang Israil geus disalametkeun ku PANGERAN."

¹⁴ Ari pilahir Samuel, "Hayu urang ka Gilgal deui. Urang embarkeun sakali deui yen Saul raja."

¹⁵ Brul kabeh ka Gilgal. Di dinya di tempat suci Saul diumumkeun jadi raja. Tuluy jalma-jalma nyaranggakeun kurban karapihan. Eta kajadian ku Saul jeung ku sarerea dipestakeun.

12¹ Ti dinya Samuel ngalahir ka bangsa Israil, "Pamenta maraneh ka Bapa geus dicumponan. Menta raja geus aya.

² Menta supaya aya anu ngatur geus aya. Balikanan Bapa mah geus kolot ngan kari huis. Sukur anak-anak Bapa barisaeun keneh marengan ka maraneh. Bapa ngapalaan maraneh teh ti ngongora nepi ka ayeuna.

³ Ayeuna, ieu Bapa hareupeun maraneh. Bisi Bapa geus nyieun kasalahan, pek geura

salahkeun ayeuna, didieu, di payuneun PANGERAN jeung di payuneun raja pilihana-Na. Saha anu sapina atawa kaldena kungsi dicokot ku Bapa? Saha anu geus kungsi dinyeyeri atawa diteungteuinganan ku Bapa? Ti saha Bapa kungsi nampa panyogok? Bisi kungsi Bapa ngajalankeun salah sarupa ti nu bieu disebutan, arek ditebus ayeuna."

⁴Raong sarerea, "Teu acan! Bapa tara nganyenyeri, tara neungteuinganan, tara barang candak ti saha-saha."

⁵Saur Samuel, "Lamun kitu tetela Bapa henteu boga salah naon-naon ka maraneh. PANGERAN jeung raja pilihana-Na saksina." "Leres, PANGERAN saksina," jawab maranehna.

⁶Samuel ngalahir deui, "PANGERAN teh anu ngutus Musa jeung Harun, jeung nginditkeun karuhun maraneh ti Mesir.

⁷Ayeuna pek narangtung heula urang urusan, kasaksian ku PANGERAN. Bapa arek mulangkeun ingetan maraneh kana sagala padamelan PANGERAN anu aragung enggoning nulungan maraneh jeung karuhun.

⁸Waktu Yakub sapala putra sumping ka Mesir, waktu karuhun maraneh dikaniaya ku urang Mesir, waktu nyambat pitulung PANGERAN, Mantenna ngutus Musa jeung Harun anu nginditkeun maranehanana ti Mesir nepi ka bisa maratuh di ieu tanah.

⁹Tapi tuluy maropohokeun ka PANGERAN Allahna. Mana ku Mantenna diantep diperangan ku urang Pelisti, ku raja Moab, jeung ku Sisera panglima perang kota Hasor. Areleh.

¹⁰Seug sasambat marenta tulung ka PANGERAN, Nun PANGERAN, abdi sadaya rumaos dosa, parantos ingkar, maruja ka arca-arca Dewa Baal sareng Dewi Astoret. Mugi ngajait abdi sadaya, sumeja sumembah ka Gusti.

¹¹Mantenna ngutus Gidion, tuluy Barak, tuluy Yepta, pangahirna Bapa, masing-masing geus ngajait maraneh ti musuh-musuh, nepi ka maraneh bisa hirup tengtrem.

¹²Tapi barang diancam ku Raja Nahas ti Amon, maraneh bet noker ka PANGERAN, raja maraneh anu geus aya, bari tuluy marenta ka Bapa. Ceuk maraneh, Hayang gaduh raja, hayang aya anu ngatur.

¹³Tah ieu raja beunang maraneh milih, beunang hayang, paparin ti PANGERAN.

¹⁴Upama maraneh ngagungkeun ka PANGERAN Allah, sumembah, gumusti, henteu mungpang kana sagala timbalana-Na, sarta raja maraneh anut ka Mantenna, maraneh tangtu jamuga.

¹⁵Sabalikna lamun henteu gumusti, henteu narurut kana sagala timbalana-Na, maraneh jeung raja bakal dilawan ku Mantenna.

¹⁶Caricing heula daragoan, urang nyaksian anu baris dipidamel ku PANGERAN.

¹⁷Ayeuna usum katiga, lain? Tapi Bapa rek nyuhunkeun hujan dibarung ku guludug ka PANGERAN. Lamun kabuktian, eta nyirikeun maraneh teh dosa gede geus menta raja ka PANGERAN."

¹⁸Seug Samuel neneda, breg PANGERAN nurunkeun hujan dibarengan ku guludug. Jalma-jalma jadi sarieuneun ku PANGERAN jeung ku Samuel.

¹⁹Seug arunjukan, "Abdi sadaya pangnedakeun ka PANGERAN Allah panutan Bapa supados ulah tariwas. Leres pisan abdi-abdi teh dosa ka PANGERAN, nya ku rupi-rupi perkawis, nya ku nyuhunkeun raja."

²⁰Waler Samuel, "Geus, najan enya sakitu dorakana oge ulah sarieun. Asal ulah murtad-murtad deui ti PANGERAN, jeung masing ngesto enya-enya ka Mantenna.

²¹Ulah kairid ku aallahan da moal barisaeun nulungan nyalametkeun maraneh, euweuh naon-naonna saenyana mah.

²²Maraneh teh ku PANGERAN geus diikrarkeun moal ditilarkeun, sabab Mantenna geus mutuskeun baris ngangkat maraneh jadi umat-Na.

²³Atuh bapa oge paliyas nepi ka cul mangnedakeun, sabab matak dosa ka PANGERAN. Bapa teh hayang ngawurukan

ka maraneh, nuduhkeun kalakuan anu hade jeung bener.

²⁴Kudu aranut ka PANGERAN, masing enya-enya ngesto ka Mantenna. Sing aringget, sakitu agungna pitulung Mantenna ka maraneh.

²⁵Lamun kalakuan maraneh doraka bae, maraneh jeung raja tan wande meunang panyiksa."

13¹ Waktu Saul mimiti jadi raja, yuswana henteu kacaritakeun. Ari ngarajaanana dua taun.

²Hiji mangsa Saul milih tilu rebu perjurit, dua rebu sina nyarengan anjeunna di Mikmas jeung di kota pagunungan Betel, anu sarebu deui dikapalaan ku Yonatan putrana, dikintunkeun ka Gibea wewengkon Binyamin. Sesana sina baralik.

³Di Geba Yonatan niwaskeun panglima urang Pelisti sarta bejana geus nepi ka urang Pelisti. Geus kitu Saul ngintunkeun utusan-utusan ngider ka sakuliah tanah, mere tangara ku tarompet supaya sakumna bangsa Ibrani kudu maju perang.

⁴Sanggeus dibarejaan yen urang Pelisti ngarambek lantaran panglimana geus tiwas ku Saul, urang Israil ragem seja ngiring ka Saul di Gilgal.

⁵Urang Pelisti geus taki-taki rek merangan urang Israil. Kakuatanana tilu puluh rebu kareta perang, genep rebu serdadu kuda,

serdadu leumpangna lobana cara keusik sisi basisir. Seug muru ka Mikmas wetaneun Bet Awen, seug masanggrahan.

⁶Der urang Israil ditarajang bebeakan nepi ka awut-awutan, pabuyar nyararumput ka guha-guha jeung gorowong-gorowong, tingsalingker kana sela-sela cadas, aya oge anu ngagebruskeun maneh kana cubluk atawa ka sumur-sumur.

⁷Sawareh deui mareuntasan Walungan Yordan ka wewengkon Gad jeung Gilad. Ari Saul di Gilgal keneh dibaturan ku jelema-jelema anu tingdaregdeg kasieunan.

⁸Geus tujuh poe anjeunna ngantos-ngantos Samuel, kitu dipiwarangna. Tapi Samuel can sumping keneh ka Gilgal. Jalma-jalma mimiti tinglaleos naringgalkeun.

⁹Seug bae anjeunna ngalahir, "Kadieukeun kurban beuleuman jeung kurban karapihan." Ti dinya anjeunna ngahaturkeun kurban beuleuman.

¹⁰Ari rengse ari jebul Samuel sumping. Saul mapagkeun seja ngabageakeun.

¹¹Tapi Samuel ngalahir, "Hidep tas damel naon?" Saul ngawaler, "Abdi dikantunkeun ku balad, ngantos Bapa teu sumping dina waktosna. Mangkaning urang Pelisti parantos aya di Mikmas.

¹²Emutan teh eta urang Pelisti tangtos narajang ka abdi, ka Gilgal, heug abdi teu acan nunuhun ka PANGERAN, nya teras

ngawantun-wantun maneh nyanggakeun kurban."

¹³ Waler Samuel, "Hidep kalangsú, henteu ngesto ka PANGERAN Allah. Tadina upami hidep ngesto ka Mantenna bade dilanggengkeun nyangking Israil turun-tumurun.

¹⁴ Ayeuna moal ciros, baris kandeg, ku PANGERAN bakal digentos ku nu cocog kana manah-Na, sina nyangking umat-Na da hidep mah parantos henteu ngesto."

¹⁵ Geus kitu Samuel jengkar ngantunkeun Gilgal neruskeun angkatna. Ari Saul terus jengkar jeung para prajuritna, dituturkeun ku nu sejen, ngabujeng ka Gibea di wewengkon Binyamin. Ti dinya Saul ngaroris balad, kira-kira aya genep ratus urang.

¹⁶ Anjeunna, Yonatan putrana, jeung balad, masanggrahan di Geba di wewengkon Binyamin. Ari urang Pelisti masanggrahanana di Mikmas.

¹⁷ Prajurit-prajurit Pelisti bijil ti pasanggrahanana tilu rombongan, arek ngarampog. Sarombongan ka Opra di wewengkon Sual,

¹⁸ sarombongan ka Bet Horon, sarombongan deui ka tapel wates anu nyanghareup ka Lebak Seboim jeung tanah gurun.

¹⁹ Harita di Israil geus teu aya panday beusi, sabab urang Pelisti teu ngidinan urang Ibrani nyieun pedang atawa tumbak.

²⁰Urang Israil anu perlu ngasah lanjam, pacul, kampak jeung arit, kudu ngadon ka urang Pelisti,

²¹jeung kudu mayar. Ngasah kampak atawa ngomean gagang parabot, mayarna ku perak sagebleg leutik, ngasah lanjam atawa pacul kudu dua gebleg perak.

²²Jadi balad Israil mah harita indit perang teh teu aya anu nyekel pedang jeung tumbak, lian ti Saul jeung Yonatan putrana.

²³Urang Pelisti ngingkeun sapa sukan prajurit pikeun ngabela hiji sela gunung di Mikmas.

14 ¹Dina hiji poe Yonatan ngalahir ka gandek purah mawa pakarangna, "Hayu urang meuntasan pasanggrahan urang Pelisti." Yonatan henteu wawartos ka Saul ramana,

²anu harita keur reureuh handapeun tangkal dalima di Migron teu jauh ti Gibeo dibarengan ku genep ratus perjurit.

³(Jeung aya imam anu make epod nya eta Ahia bin Ahitub saderek Ikabod putra Pinehas, putuna Eli imam PANGERAN di Silo tea.) Tapi Yonatan angkat teh teu aya anu nganyahoankeun.

⁴Di Mikmas, jalan anu ku Yonatan rek dicoba dipeuntasan baris terus ka pasanggrahan urang Pelisti dihapit ku dua karang curi. Nu hiji disebut Boses, nu hiji deui disebutna Sene.

⁵Anu hiji ayana di sisi jalan beulah kaler nyanghareup ka Mikmas, anu hiji deui sisi jalan beulah kidul nyanghareup ka Geba.

⁶Saur Yonatan ka gandekna, "Urang meuntasan pasanggrahan kapir Pelisti, malak mandar aya pitulung PANGERAN. Ari dikersakeun mah ku Mantenna teu mustahil urang bisa meunang, najan urang ngan sakieu ge."

⁷Gandekna ngajawab, "Abdi mah kumaha Juragan bae, bade ngiringan."

⁸"Enya," waler Yonatan. "Urang meuntas, sina katenjoeun ku urang Pelisti.

⁹Upama maranehna ka urang nitah eureun ngadagoan lantaran maranehna arek nyalampeurkeun, urang kudu ngarandeg.

¹⁰Upama maranehna nitah supaya urang nyampeurkeun, urang sampeurkeun, eta tandaning PANGERAN bakal maparin kaunggulan ka urang."

¹¹Ti dinya tuluy narembongkeun maneh ka urang Pelisti. Ceuk urang Pelisti, "Tuh urang Ibrani aya anu bijil tina liang panyumputanana!"

¹²Seug maranehna tingcorowok ka Yonatan jeung gandekna, pokna, "Ka dieu sia unggah! Aing boga beja!" Saur Yonatan ka gandek, "Tuturkeun kami. PANGERAN geus ngersakeun Israil unggul!"

¹³Tuluy Yonatan unggah, ngorondang dituturkeun ku gandek. Sebrut narajang,

urang Pelisti rarubuh. Anu geus rarubuh dipaju ku gandek diparagatkeun.

¹⁴Sagebragan harita Yonatan jeung gandekna nepi ka niwaskeun dua puluh urang musuh, dina medan anu legana kira-kira satengah bau.

¹⁵Urang pasision Pelisti kabeh miris. Prajurit-prajurit jeung pasukan tempurna anu di pasanggrahan nepi ka pating corodcod kasieunan, bumi eundeur, musuh guyur lain di kieuna.

¹⁶Balad Saul anu jaraga di Gibea wewengkon Binyamin narenjoeun urang Pelisti kalabur pasalebrungan.

¹⁷Saul nimbalan ka pangawal, "I tung prajurit, pariksa saha anu euweuh." Kanyahoan anu teu aya teh Yonatan jeung gandekna.

¹⁸"Epod bawa ka dieu," timbalan Saul ka Imam Ahia. (Poe eta Ahia nyepeng epod di hareupeun urang Israil.)

¹⁹Sabot Saul nimbalan ka imam, guyur di pasanggrahan urang Pelisti beuki kacida. Mana saurna ka Ahia, "Moal kaburu naros heula ka PANGERAN!"

²⁰Gancang anjeunna sabalandna muru ka urang Pelisti anu keur ragot silih kadek pada batur ku bawaning gugup.

²¹Urang Ibrani anu tadina bariluk ka urang Pelisti sarta harita marilu ka pasanggrahan, malik mihak ka Saul jeung Yonatan.

²²Anu keur nyarumput di pagunungan Epraim, barang ngadarenge urang Pelisti kalabur, seug barijil tuluy ngarudag,

²³narajang sajajalan nepi ka beh ditueun Bet Awen. Poe eta PANGERAN nyalametkeun urang Israil.

²⁴Urang Israil geus nahnay awahing ku lalapareun, sabab ku Saul diancam ku panyapa, "Sing saha anu barang dahar samemeh kami beres ngelehkeun musuh, sing kasapa!" Jadi sapoe eta tacan aya anu dahar naon-naon.

²⁵Barang arasup ka hiji tempat anu loba tatangkalanana, bet loba sayang madu di mana-mana.

²⁶Tatangkalan teh pinuh ku sayang madu, tapi saurang ge teu aya anu ngadahar, lantaran sieun ku panyapa Saul.

²⁷Yonatan teu uningaeun yen ramana geus nyumpahan kitu ka balad, anjeunna nyolok sayang madu ku tungtung iteuk, maduna tuluy dituang. Karaos salirana seger meueusan.

²⁸Pok aya nu nguningaan, "Balad parantos lalungse ku bawaning lapar, nanging diancam ku tuang rama, saurna, Sing saha anu barang dahar sing kasapa."

²⁹Saur Yonatan, "Ama teh bet ngaripuhkeun sarerea. Geura ieu kami dahar madu saeutik ge mani ngadak-ngadak seger.

³⁰ Mana teuing alusna lamun dahareun anu karampas ti musuh meunang didalahar ku balad, tangtu bisa ngarubuhkeun leuwih loba."

³¹ Urang Israil teh poe eta tas ngelehkeun urang Pelisti, tas narajang sapanjang jalan ti Mikmas nepi ka Ayalon. Waktu eta urang Israil teh kacida carapeeunana, mani geus lalungse ku bawaning lapar,

³² nepi ka parebut nyarokotan barang meunang ngarampas ti musuh, nyarokotan sapi jeung domba, dipareuncit di dinya keneh, dagingna diharakan teu ngurus getihan keneh.

³³ Aya anu nguninga ka Saul, "Jalmi-jalmi milampah dosa ka PANGERAN, nareda daging sareng getihna." Saul ngagorowok, "Hianat maraneh! Gulingkeun batu gede ka dieu!"

³⁴ Geus kitu anjeunna marentah deui, "Bejakeun ka jalma-jalma, sapi jeung domba tungtun kabeh ka dieu. Sina dipareuncit di dieu, diharakan di dieu, ulah marigawe dosa ka PANGERAN ngahakan daging jeung getihna!" Seug sapi teh kabeh digiring ka dinya tuluy dipeuncitan.

³⁵ Geus kitu Saul ngadegkeun hiji altar pikeun PANGERAN, altar anu pangmimitina diadegkeun ku anjeunna.

³⁶ Geus kitu marentah ka jalma-jalmana, "Engke peuting urang mudun narajang urang Pelisti, urang tumpurkeun nepi ka balebat,

ulah aya anu dikarikeun!" "Sakersa Raja sumeja kairing," jawab balad. Tapi saur imam, "Sae urang tumaros heula ka Allah."

³⁷Ti dinya Saul unjukan ka Allah, "Upami abdi narajang ka urang Pelisti, kumaha tiasa kenging?" Tapi harita Allah henteu ngawaler.

³⁸Seug Saul nimbalan ka para pamingpin rahayat, "Ka darieu kabeh, jeung pariksa dosa naon anu geus dijieun poe ieu.

³⁹Kami sumpah demi jumenenging PANGERAN anu geus maparin kaunggulan ka Israil, sing saha anu salah, najan anak kami pisan, Yonatan, tan wande dipaehan!" Tapi teu aya anu unjukan saurang-urang acan.

⁴⁰Saul nimbalan deui, "Maraneh caricing beulah ditu, Yonatan jeung kami beulah dieu." "Sumangga ngiringan," jawab jalma-jalma.

⁴¹Saul unjukan ka PANGERAN Allah Israil, "Nun PANGERAN, naon margina Gusti henteu kersa ngawaler? Nun PANGERAN Allah Israil, mugi nuduhkeun ku Urim sareng Tumim. Upami dosana asal ti Yonatan atanapi ti abdi, mugi diwaler ku Urim. Upami asal ti rahayat Israil, mugi diwaler ku Tumim." Waleranana nunjukna ka Yonatan jeung Saul, jalma rea bebas.

⁴²Saul nimbalan deui, "Pilih antara kami jeung Yonatan." Anu katujul Yonatan.

⁴³Saul mariksa ka Yonatan, "Hidep nyieun salah naon?" Wangsul Yonatan, "Neda

madu saeutik. Putra pasrah, mangga geura paehan."

⁴⁴ Timbalan Saul, "Ama sing disiksa ku Allah mun hidup ku Ama henteu dipaehan."

⁴⁵ Tapi balad arunjukan, "Baruk Yonatan anu parantos ngalantararankeun urang Israil unggul sakieu ageungna, bade dipaehan? Paliyas teuing! Demi PANGERAN anu jumeneng, rambutna salambar oge ulah aya anu murag. Sagala damelna dinten ieu estu kalayan panuyun Allah." Kitu Yonatan dibela ku rahayat, henteu jadi dipaehan.

⁴⁶ Saul liren ngudagna ka urang Pelisti. Urang Pelisti baralik deui ka wewengkonna sorangan.

⁴⁷ Sanggeus Saul jadi raja Israil, anjeunna terus merangan musuh-musuhna di mana-mana: Urang Moab, urang Amon, urang Edom, raja-raja Soba jeung urang Pelisti. Unggal perang di mana-mana unggul bae.

⁴⁸ Perangna estuning gagah, urang Amalek oge eleh. Urang Israil ku anjeunna disalametkeun tina sagala panarajang.

⁴⁹ Putra-putra Saul anu pameget nya eta: Yonatan, Iswi jeung Malkisua. Anu istri, nu kahiji Merab, nu kadua Mikal.

⁵⁰ Ari geureuhana Ahinoam binti Ahimaas. Panglima perangna kapirayina, Abner, putra emangna anu jenengan Ner.

⁵¹ Ari Kis, ramana Saul, jeung Ner, ramana Abner, duanana putra Abiel.

⁵² Sapanjang jumenengna, Saul teu liren-liren merangan urang Pelisti, kacida rosana. Di mana bae ari mendakan jelema anu gagah tur sugih kawani, terus bae dijadikeun baladna.

15 ¹Hiji mangsa Samuel ngalahir ka Saul. "Bapa bareto ku PANGERAN dipiwarang ngangkat hidep jadi raja nyangking umat-Na, bangsa Israil. Ayeuna dangukeun ieu timbalan PANGERAN Nu Maha Kawasa.

²Mantenna seja merangan bangsa Amalek. Karuhun eta bangsa bareto megatan urang Israil basa nembe budal ti Mesir.

³Ayeuna tumpes eta urang Amalek teh, harta bandana tumpurkeun ulah aya anu kari. Jelemana, lalaki, awewe, barudak, orok, sapina, dombana, ontana, kaldena, paehan sadayana."

⁴Saul mepek balad, tuluy diloris di Telem. Ti Israil aya 200.000 perjurit, ti Yuda aya 10.000 perjurit.

⁵Bral Saul sabaladna angkat ngabujeng ka kota Amalek, megat ngabongohan di hiji walungan saat.

⁶Ti lebah dinya anjeunna ngintun heula warta ka urang Keni, hiji bangsa anu karuhunna baheula nyieun kahadean ka urang Israil basa kakara budal ti Mesir. Saurna, "Maraneh kudu nyalingkir ti Amalek, supaya henteu milu kabasmi." Seug urang Keni nyalingkir.

⁷ Urang Amalek ku Saul beunang dielehkeun, digempur sapanjang jalan ti Hawila nepi ka Sur wetaneun Mesir.

⁸ Raja Agag ti Amalek ditangkep hirup-hirup. Rahayatna kabeh ditumpurkeun,

⁹ ari rajana mah dihirupan. Ingon-ingon anu aralus, domba, anakna, sapi, anakna, jeung barang-barang anu aralus henteu ditumpes. Anu dibeakkeun teh anu bangsa kokodenna, anu taya pihargaeunana.

¹⁰ PANGERAN nimbalan ka Samuel,

¹¹ "Hanjakal Saul dijieun raja. Henteu nurut, geus ngalanggar timbalan Kami." Samuel ngentab manahna ka Saul, sarta sapeupeuting anjeunna sasambat ka PANGERAN.

¹² Isukna isuk-isuk keneh bral angkat seja ka Saul. Aya anu nguningaan yen Saul geus angkat ka kota Karmel ngadegkeun tugu keur salirana, ti Karmel kebat ka Gilgal.

¹³ Ku Samuel dibujeng ka ditu. Saul mapagkeun, sarta saurna, "Mugi Bapa mendak berkah ti PANGERAN. Sagala timbalan PANGERAN ku putra parantos dilampahkeun."

¹⁴ Saur Samuel, "Ari eta naon atuh anu beberelean sareng emoh-emohan?"

¹⁵ Waler Saul, "Euh Ieres, sapi sareng domba kenging balad ngabantun ti urang Amalek. Sararae pisan, bade dikurbankeun

ka PANGERAN, Allah panutan Bapa. Anu sanes-sanesna sadayana ge dipaehan."

¹⁶Saur Samuel, "Ke heula! Bapa arek mopoyankeun timbalan PANGERAN anu katarima ku Bapa tadi peuting." "Mangga saurkeun," waler Saul.

¹⁷Saur Samuel, "Hidep teh disanes-sanes oge pamingpin sadaya kaom Israil, ku PANGERAN parantos diangkat jadi raja Israil.

¹⁸Timbalana-Na hidep kedah ngabasmi bangsa Amalek, bangsa anu doraka, kedah ditumpes sama sakali.

¹⁹Ku naon teu ditumutkeun? Ku naon dijarah, sanes diparaehan? Eta lampah hidep teh ngajaheutan manah PANGERAN."

²⁰Saur Saul, "Timbalan PANGERAN ku putra parantos ditumutkeun. Dipiwarang mios, mios. Raja Agag dibantun ka dieu, anu sanes-sanesna sadayana dipaehan.

²¹Domba sareng sapi anu sarae ku balad-balad henteu dibasmi, dibantun ka dieu bade dikurbankeun ka PANGERAN, Allah panutan Bapa."

²²Waler Samuel, "Na PANGERAN teh langkung gegel kana kurban sareng sasajen ti batan kana kagumatian? Tumut kana timbalana-Na langkung utami ti batan ngahaturkeun domba anu sae.

²³Baha ka Mantenna sami sareng nyieun sihir. Ngalawan ka Mantenna sami awonna sareng nyembah ka brahala. Ku sabab hidep

baха kana timbalana-Na, hidep ku Mantenna digulingkeun tina jadi raja."

²⁴Saur Saul, "Putra rumaos dosa, parantos ngarempak timbalan PANGERAN sareng mungpang kana parentah Bapa. Putra teh sieun ku balad, nu mawi kalakuan maranehna ku putra dikajeunkeun.

²⁵Mugi kalepatan putra dihapunten, lajeng urang sareng ka Gilgal, putra di ditu sumeja ngabakti ka PANGERAN."

²⁶Samuel ngawaler, "Hamo, Bapa hamo bareng. Hidep parantos ngalanggar timbalan PANGERAN. Ku Mantenna parantos dipiceun, digulingkeun tina jadi raja Israil."

²⁷Geus kitu Samuel mungkur rek terus jengkar. Ku Saul dipuntangan jubahna datang ka soeh.

²⁸Samuel ngalahir, "Poe ieu karajaan Israil ku PANGERAN parantos disoehkeun ti hidep, diserenkeun ka hiji jelema anu langkung utama ti batan hidep.

²⁹Anu mulya Allah Israil tara sumingkir, tara barobah. Sabab Mantenna lain manusa, tara gumingsir."

³⁰Waler Saul, "Abdi rumaos dosa. Mung nyuhunkeun piwelas Bapa, ulah dugi ka abdi ilang kahormatan dina pandangan para pamingpin rahayat sareng bangsa Israil. Mugi abdi dicandak sareng ka Gilgal, sumeja ngabakti ka PANGERAN Allah panutan Bapa."

³¹ Pamundutna ku Samuel dikabul. Saul dicandak bareng ka Gilgal, sarta di ditu Saul ngabakti ka PANGERAN.

³²Ti dinya Samuel marentah, saurna, "Raja Agag bawa ka dieu!" Agag datang ka Samuel bari ngadegdeg sieun, ceuk pamikirna, "Tada teuing nyerina aing paeh!"

³³ Samuel ngalahir, "Pedang maneh geus ngalantarankeun para indung kaleungitan anak. Ayeuna indung maneh anu bakal kaleungitan anak." Agag ku anjeunna dipaahan deukeut altar, awakna tuluy dicacag.

³⁴ Geus kitu Samuel mulih ka Ramah, ari Raja Saul mulih ka bumina di Gibea.

³⁵ Ti harita nepi ka pupusna Samuel henteu tepang-tepang deui jeung raja, manahna teu petot nalangsa ku lampah Saul. PANGERAN oge ngaraos kaduhung parantos ngangkat Saul jadi raja Israil.

16¹ PANGERAN nimbalan ka Samuel, "Arek sabaraha lila deui maneh kanyenyrian ku Saul teh? Eta ku Kami geus dipiceun, geus lain raja Israil deui. Maneh ayeuna kudu ka Betlehem, minyak jetun bawa. Tepungan jelema anu ngaran Isai. Anakna aya anu rek dijieun raja ku Kami."

²Piunjuk Samuel, "Kumaha tiasana? Upami kadangueun ku Saul tangtos abdi dipaahan." Waler PANGERAN, "Kudu mawa anak sapi

hiji, sebutkeun ka ditu teh arek ngurban ka PANGERAN.

³Ondang Isai kana eta kurban, engke maneh ku Kami dibejaan kudu kumaha. Mana-mana anu ku Kami dituduhkeun engke, ku maneh minyakan."

⁴Prak Samuel ngalampahkeun sapangandika PANGERAN, sarta geus sumping ka Betlehem. Para pamingpin di dinya kacida rareuwaseunana, tuluy daratang marunjungan, "Dipi sumping teh nyandak salamet, Bapa juru tingal?"

⁵Walerna, "Leres, Bapa ka dieu teh seja ngurban. Geura susuci, tuluy daratang kana kurban, urang ngariung jeung Bapa." Kitu deui Isai jeung anak-anakna dipiwarang susuci sarta diondang ngariung.

⁶Sanggeus daratang, ret Samuel ningali ka anak Isai anu ngaran Eliab; panggalihna, "Tangtu ieu, anu geus aya di payuneun PANGERAN anu ku Mantenna bakal dipilih teh."

⁷Tapi dawuhan PANGERAN, "Ulah nenjo kana dedegna, ulah ngareret kana kasepna. Eta mah teu kapake. Pamilih Kami teu sarua jeung pamilih jelema. Jalma mah nenjo luarna, Kami mah nilik eusina."

⁸Isai nyalukan deui anakna anu ngaran Aminadab. Jol eta datang ka Samuel. Saur Samuel, "Ieu oge teu kaanggo ku PANGERAN."

⁹ Isai ngadeuheuskeun Syama. Tapi saur Samuel, "Ieu oge teu kamanah ku PANGERAN."

¹⁰ Geus tujuh anak Isai anu dideuheuskeun ka Samuel, tapi saur Samuel, "Teu aya anu kamanah ku PANGERAN."

¹¹ Geus kitu Samuel mariksa, "Aya deui anu sejen?" Jawab Isai, "Aya, bungsuna, nuju ngangon domba." Saur Samuel, "Sina ka dieu. Samemeh eta datang moal waka prak ngariung."

¹² Ku Isai dititah diteang, tuluy dideuheuskeun. Breh teh budak ngora nya kasep nya cangker, panonna cekas cureuleuk. PANGERAN nimbalan ka Samuel, "Eta! Pek minyakan!"

¹³ Samuel ngaluarkeun minyak jetun, Daud dilisahan kasaksian ku raka-rakana. Harita keneh Daud kasumpingan ku Roh PANGERAN, anu saterusna nyarengan salalawasna. Ti dinya Samuel mulih ka Ramah.

¹⁴ Roh PANGERAN ti Saul geus undur, sarta Saul kaasupan hiji roh jahat ti PANGERAN anu sok nyiksa ka anjeunna.

¹⁵ Mantri-mantrina arunjukan, "Sang raja teh kasiksa ku roh jahat ti Allah.

¹⁶ Mugi nimbalan milarian jalmi anu tiasa ngacapi. Sawaktos-waktos Gusti kasurupan ku eta roh jahat, kedah dipapalerkeun ku sora kacapi, tangtos damang deui."

¹⁷ Timbalan Saul, "Heug kami pangneangankeun anu pinter ngacapi, bawa ka dieu."

¹⁸ Aya anu unjukan, "Hatur uninga, di Betlehem aya anu pinter ngacapi, pecilna Isai. Kawuwuh gede wawanen sareng kasep, perjurit sajati, perceka, sareng disarengan ku PANGERAN."

¹⁹ Saul ngirim utusan diala ka Isai, pesenna, "Anak maneh anu ngaran Daud purah ngangon domba kirimkeun ka kami."

²⁰ Daud ku Isai dijurungkeun, dibahanan anak embe hiji, kalde hiji, dipuatan roti jeung anggur sawadah keur kikintun ka Saul.

²¹ Daud datang ka Saul sarta terus kumawula. Ku Saul kacida diasihna, diangkat jadi tukang mawa pakarangna.

²² Saul ngawartosan ka Isai, timbalanana, "Kami resep ka Daud. Idinan cicing di dieu sina ngawulaan kami."

²³ Ti harita, unggal roh jahat tea nyiksa ka Saul, ku Daud dipangacapikeun, eta roh jahat sok terus nyingkah sarta Saul jadi ngaraos tengtrem jeung cenghar deui.

17 ¹ Mangsa eta urang Pelisti mepek balad dikumpulkeun di Soko, hiji kota di tanah Yuda. Masanggrahanana di Epes Damim antara Soko jeung Aseka.

² Saul jeung urang Israil oge geus tata perang, masanggrahan di Lebak Ela, geus taki-taki rek ngayonan urang Pelisti.

³Urang Pelisti narangtung di pasir beulah ditu, urang Israil di pasir beulah dieu, masing-masing nyanghareup ka hiji lebak.

⁴Kurunyung hiji tukang perang tanding bijil ti pasanggrahan urang Pelisti, nangtang ka Israil. Ngaranna Goliat, urang Gat, jangkungna meh tilu meter.

⁵Make baju kere sisanan, beurat baju kerena meh lima puluh tujuh kilo, dibalakutak tambaga.

⁶Sukuna make istiwel tambaga, tak takna nyorendang tohok tambaga.

⁷Gagang tumbakna kandelna sapihanean, beurat congora wungkul anu tina beusi kira-kira tujuh kilo. Tukang mawa kepengna leumpang heulaeunana.

⁸Gen Goliat ngajanteng, tuluy susumbar ka urang Israil, "Keur naraon di dinya, arek perang? Maraneh badega-badega Saul, kami urang Pelisti! Pilih ti dinya jagona, urang perang tanding jeung kami.

⁹Lamun tarungna meunang sarta bisa maehan kami, kami sarerea daek jadi badega maraneh; tapi lamun kami anu meunang sarta bisa maehan eta, maraneh kudu jaradi badega kami.

¹⁰Kitu, balad Israil ku kami ditangtang. Ka anu mana ge kami mo burung wani!"

¹¹Saul jeung sabalandna kacida sieuneunana.

¹²Daud teh putra Isai, urang Eprata ti Betlehem, wewengkon Yuda. Ari Isai, keur

jaman Raja Saul teh geus sepuh, putrana dalapan.

¹³ Putra nu panggedena aya tilu anu jadi perjurit Saul, nya eta Eliab cikalna, Aminadab nu kadua, jeung Syama anu katilu.

¹⁴ Daud bungsuna. Eta anu tiluan, anu panggedena, ngiring perang jeung Saul.

¹⁵ Ari Daud sering balik ka Betlehem, ngangon deui domba ramana kawas sasari.

¹⁶ Si Goliat tea nangtangna ka urang Israil teh unggal isuk jeung unggal sore, geus opat puluh poe.

¹⁷ Dina hiji poe Isai misaur ka Daud, "Teang akangna ka pasanggrahan, bawakeun sanggray gandum sapuluh kilo jeung roti sapuluh siki. Jung buru-buru longok ka pasanggrahan.

¹⁸ Jeung ieu bawa kiju sapuluh siki keur kapala perjurit. Balik ti ditu kudu mawa tanda yen hidep enggeus ka ditu jeung geus papanggih jeung akangna, salamet henteuna.

¹⁹ Raja Saul, akangna jeung sabaland Israil ayeuna aya di Lebak Ela keur merangan urang Pelisti."

²⁰ Isukna isuk-isuk Daud hudang, tuluy nitipkeun domba ka nu sejen, bral iang mawa bebekelan sakumaha parentah ramana. Barang jol ka pasanggrahan, nyampak balad Israil keur arindit ka medan jurit bari ngagorowokkeun jerit perang.

²¹ Balad Pelisti jeung balad Israil keur pahareup-hareup rek tarung.

²² Daud nitipkeun babawaanana ka nu ngajaga barang-barang, tuluy lumpat ka tempat baris nepangan raka-rakana, hayang terang salamet henteuna.

²³ Sabot Daud cacarios jeung raka-rakana, Goliat susumbar, nangtang ka balad Israil cara sasari. Kadangueun ku Daud.

²⁴ Ari balad Israil barang ret ka Goliat teh terus ngararejat sarieuneun.

²⁵ "Tenjo itu jelema!" aromongna ka pada batur. "Dengekeun tah susumbarna! Saha-saha anu bisa maehan eta, saur Raja Saul bakal diganjar, malah rek ditikahkeun ka putra istrina sarta kolotna rek dibebaskeun tina upeti."

²⁶ Daud naros ka hiji jelema, "Bade dikumaha jalmi anu tiasa maehanana sareng anu tiasa nyinkirkeun kahinaan ti urang Israil teh? Sareng saha eta urang Pelisti umat brahala teh, mani kacida ngahinana ka balad Allah anu jumeneng?"

²⁷ Seug diwartosan bakal kumaha-kumahana jelema anu bisa maehan Goliat.

²⁸ Kadenggeeun ku Eliab, rakana anu pangkolotna. Eliab kacida keuheuleunana ka Daud, tuluy nyarekan, "Rek naon los-los ka dieu? Ku saha domba diurusna di ditu di tanah gurun? Bandel! Cologog! Ka dieu teh maneh mah ngan rek lalajo perang!"

²⁹Daud ngawaler, "Lepat naon kitu abdi teh, naros-naros bae teu kenging!"

³⁰Ti dinya anjeunna malik ka nu sejen, tataros itu ieu. Ari jawabanana angger cara tadi.

³¹Ucap-ucapan Daud aya nu ngunjukkeun ka Saul. Ku Saul dipiwarang dideuheuskeun.

³²Daud miunjuk, "Gusti Sang Raja, teu kedah aya anu sieun ku eta urang Pelisti, abdi sanggem ngalawan."

³³Waler Saul, "Ulah, bisa naon maneh ka itu? Budak keneh, heug itu mah tukang tarung saumur-umur."

³⁴Piunjuk Daud, "Gusti Sang Raja! Abdi teh purah ngajagi domba pun bapa. Upami pareng aya singa atanapi biruang anu ngagusur anak domba,

³⁵ku abdi diudag, ditarajang dombana direbut deui. Upami singana atanapi biruangna bade ngarontok ku abdi dipiheulaan dicekek tikorona lajeng digendir dugi ka paeh.

³⁶Parantos seueur singa sareng biruang anu paeh ku abdi. Eta urang Pelisti umat brahala anu sakitu ngahinana ka balad Allah anu jumeneng oge tangtos bakal tiwas ku abdi.

³⁷PANGERAN parantos ngaraksa abdi ti singa sareng biruang, ayeuna ge tangtos ngaraksa ti eta urang Pelisti." Waler Saul, "Heug atuh, jung! Muga ditangtayungan ku PANGERAN."

³⁸Tuluy Daud sina nganggo raksukan Saul, dibalakutak tambaga jeung dibaju kere.

³⁹Luareun raksukan nyoren pedang Raja Saul, prak ngajaran ngalengkah. Teu iasa, da teu tuman nganggo nu kitu. Pok miunjuk ka Saul, "Abdi gamparan teu tiasa nganggo anu kieu, teu biasa." Tuluy raksukan perang teh dilaanan.

⁴⁰Geus kitu ceg kana iteuk parantina ngangon, top mulung batu reok lima siki ti susukan diasupkeun kana koja. Kencling ngabujeng ka Goliat bari ngajingjing bandring.

⁴¹Jago urang Pelisti gancang ngangseg ka Daud, heulaeunana anu mawa kepengna, beuki deukeut, beuki deukeut.

⁴²Barang beh sarta geus sidik nenjona ka Daud, kacida takaburna dumeh lawanna pantar kitu, lembut jeung kasep.

⁴³Gorowok ngomong ka Daud, "Jang naon eta iteuk teh? Na kami teh anjing?" Geus kitu tuluy nyapa ka Daud bari nyambat ka batarana,

⁴⁴ti dinya susumbar, "Ka dieu maneh, bangke maneh rek diparabkeun ka manuk jeung sato galak!"

⁴⁵Daud ngawaler, "Maneh datang mawa pedang, tumbak, jeung tohok. Kami mah mawa pajenengan PANGERAN Nu Maha Kawasa, Allah panutan wadya balad Israil anu ku maneh dihinakeun.

⁴⁶Poe ieu keneh maneh ku PANGERAN diselehkeun ka leungeun kami. Hulu maneh ku kami rek diteukteuk. Bangke-bangke urang Pelisti ku kami rek diparabkeun ka manuk jeung sato galak. Satangkaraking jagat bakal nyaraho yen di Israil aya Allah.

⁴⁷Sarta unggal jelema bakal nyaksian, PANGERAN nyalametkeun umat-Na lain ku pedang atawa tumbak. Mantenna tukang unggul saban tarung. Maraneh kabeh bakal ragrag kana kakawasaan kami!"

⁴⁸Goliat ngudag, Daud nirilik ka barisan urang Pelisti mapag Goliat,

⁴⁹bari ngodok batu kana koja; seleber dibandingkeun, beletak, meneran pisan kana tarang Goliat datang ka sirahna bejad. Goliat ngajungkel, beungeutna nyuksruk kana taneuh.

⁵⁰Goliat geus tiwas ku Daud. Lain ku pedang, tapi ku batu reok anu nyeleber tina bandring!

⁵¹Daud muru ka Goliat, tuluy nangtung deukeutna. Pedang Goliat ku Daud dicabut tina sarangkana, dipake neukteuk sirah Goliat. Barang narenjo pamukna tiwas, balad Pelisti kalabur.

⁵²Ger urang Israil jeung urang Yuda sarurak, tuluy ngabeledig ngudag-ngudag sapaparat jalan ka Gat nepi ka lawang-lawang Ekon. Urang Pelisti anu kasarambut bangkena

pating jaropak, bacacar sapaparat jalan anu ka Saaraaim nepi ka Gat jeung Ekron.

⁵³Bari baralik balad Israil ngajarah pasanggrahan musuh.

⁵⁴Sirah Goliat ku Daud dijingjing ka Yerusalem, ari pakarangna terus disimpen di kemahna.

⁵⁵Basa Daud enggeus jung arek ngalawan Goliat, Saul mariksa ka Abner panglima perangna, saurna, "Abner, anak saha eta teh?" Wangsul Abner, "Duka Gusti, abdi teu terang."

⁵⁶Timbalan Saul, "Coba tatanyakeun."

⁵⁷Samulangna ka pasanggrahan tas ngarubuhkeun Goliat, Daud ku Abner dideuheuskeun deui ka Saul. Daud masih ngajingjing-jingjing keneh sirah Goliat.

⁵⁸Ku Saul dipariksa, "Ari hidep anak saha?" Wangsul Daud, "Dawuh Gusti, abdi pecilna Isai rahayat Gusti ti Betlehem."

18¹ Saul anggeus mariksana ka Daud. Ari putra Saul anu jenengan Yonatan ti harita manahna katarik ku Daud, kacida asiheunana, lir ka beubeulahan nyawa ku anjeun.

²Saterusna Daud ditahan ku Saul, henteu diwidian mulih.

³Yonatan ngajak sosobatan ka Daud, ku asih-asihna, hoyong misobat saumur-umur.

⁴Yonatan morosotkeun jubahna tuluy dianggokeun ka Daud, kitu deui baju kerena,

pedangna, gondewana, beulitanana, kabeh dilelerkeun ka Daud.

⁵ Satulunya saban-saban Daud manggul piwarangan Saul, damelna hasil-hasil bae. Ku sabab eta ku Saul diangkat sina nyepeng prajurit, heug teh ku sakabeh prajurit kitu deui ku para gegeden dipikaresep.

⁶ Basa Daud mulang jeung wadya balad tas ngarubuhkeun Goliat, awewe-awewe daratang ti mana-mana marapag Raja Saul, ngarawih, ngarigel, narabeuh terebang jeung gambus,

⁷ bari patempas-tempas, pokna, "Saul maehan mangrebu-rebu, Daud maehan manglaksa-laksa."

⁸ Saul manahna panas kasebit, panggalihna, "Ka Daud mujina maehan manglaksa-laksa, ari ka aing ngan nyebutkeun maehan mangrebu-rebu. Boa-boa lila-lila mah manehna diangkat raja!"

⁹ Ti semet harita anjeunna neuteuli ka Daud.

¹⁰ Poe isukna Saul kasurupan deui ku roh jahat ti Allah, di karaton teh sasauranana ngacaprak kumaha nu owah. Gancang ku Daud dipangacapikeun kawas sasari. Harita Saul keur nyenyepeng tumbak.

¹¹ "Si Daud ku aing rek dipanggang kana tembok!" galih Saul. Terus tumbakna dilempagkeun ka Daud nepi ka dua kali, tapi teu keuna, dicingcetkeun.

¹²Kacida sieuneunana Saul ku Daud teh, da uningaeun Daud disareengan ku PANGERAN, ari anjeunna mah ditilarkeun.

¹³Ku sabab eta Daud ku anjeunna dijauhkeun, diangkat jadi kapala prajurit sarebu. Tapi Daud saban-saban mingpin prajurit ngapalaan perang

¹⁴ngan unggul-unggul bae, kawantu disareengan ku PANGERAN.

¹⁵Ningali Daud jaya, Saul beuki sieuneun bae.

¹⁶Tapi bangsa Israil jeung Yuda kacida nyaraaheunana ka Daud sabab anjeunna sakitu digjayana.

¹⁷Saul ngalahir ka Daud, "Merab, putra kami anu cikal pek tikah ku hidup. Tapi saratna hidup enggonging ngawula ka kami kudu jadi prajurit sajati, gagah jeung satia kana perang PANGERAN." Tapi ari panggalihna mah ngarah Daud tiwas ku urang Pelisti ku jalan eta, jadi teu kudu ku anjeunna nyalira.

¹⁸Piunjuk Daud, "Naon pangaji abdi kitu deui pun bapa sakulawargi, dugi ka abdi jadi mantu raja?"

¹⁹Tapi buktina Saul teh kalahka saur, da jadina mah Merab teh ditikahkeun ka nu sejen, ka Adriel urang Mehola.

²⁰Tapi Mikal, putra Saul anu hiji deui mikacinta ka Daud. Sanggeus Saul uningaeun, anjeunna satuju.

²¹ Panggalihna, "Bener, Mikal sina kawin jeung Daud, rek dipake jalan supaya Daud tiwas ku urang Pelisti." Seug Saul nimbalan kadua kalina ka Daud, "Ayeuna mah tulus hidup jadi mantu Ama."

²² Ti dinya anjeunna miwarang ponggawa-pongawana sina pura-pura ngaromong kieu ka Daud, "Raja mikaheman ka saderek, para gegeden pon kitu keneh. Ayeuna parantos nitih kana mustari saderek bade ditikahkeun ka putrana."

²³ Seug ditepikeun kitu. Ari waler Daud, "Jadi mantu raja teh darajat teu aya tandingna. Jalma taya pangaji sapertos sim kuring mah moal kaduga nyingga."

²⁴ Walonna Daud ditepikeun ka Saul.

²⁵ Waler Saul, "Bejakeun ka Daud, raja moal mundut mas kawin, ngan mundut kokocop kulup urang Pelisti saratus siki, pamales ka musuh anjeunna." Maksad Saul kitu saenyana ngarah Daud tiwas ku urang Pelisti.

²⁶ Satimbalan Saul ku ponggawa-pongawana ditepikeun ka Daud. Daud satuju sarta ceuk panggalihna tulus jadi mantu raja. Sapoe memeh direndengankeun,

²⁷ Daud nyandak prajuritna, tuluy ngarubuhkeun dua ratus urang Pelisti. Kulup-kulupna dikeureutan tuluy dihaturkeun ka raja, diitung hiji-hiji di payuneunana, dijieun sarat geusan jadi mantu raja. Saul

kapaksa maparinkeun Mikal putrana ditikah ku Daud.

²⁸Saul uningaeun pisan yen PANGERAN nyarengan ka Daud, uningaeun deuih yen Mikal putrana enya-enya mikacintana ka Daud.

²⁹Anjeunna beuki sieuneun bae ku Daud teh, sarta sapanjang jumenengna teu weleh neuteuli ka Daud.

³⁰Urang Pelisti sok rajeun merangan. Tapi saban-saban perang kaunggulan Daud salawasna leuwih ti batan perwira-perwira Saul anu loba, datang ka Daud jadi kamashur.

19¹Hiji mangsa Saul nyarios ka Yonatan jeung pongawa-pongawana yen aya maksad nelasan Daud. Tapi Yonatan anu kacida mikahemanna,

²ngawartosan ka Daud, "Ama aya kersana nelasan ka Rayi. Mana enjing Rayi sing atos-atos, milari panyumputan sing buni.

³Enjing ama bade ka tegalan anu dianggo nyumput ku Rayi, ari Akang bade nyarengan ama sareng bade unjukan perkawis Rayi. Kitu kieuna engke ku Akang diwartoskeun."

⁴Yonatan ngunjukkeun perkara Daud ka Saul, piunjukna, "Mugi Daud ku Raja henteu dikitu kieu. Daud teh teu aya pisan lepatna, malah sugri lampahna jadi pitulung ka Sang Raja.

⁵Waktos ngarubuhkeun Goliat, Daud dugi ka naruhkeun nyawana, jadi lantaran Israil

kenging kaunggulan sakitu ageungna ti PANGERAN. Waktos eta Sang Raja bingah ningalina. Ku naon ayeuna kagungan maksad teu sae ka nu teu aya dosana, bade maehan Daud kalayan teu aya lantaran?"

⁶Piunjuk Yonatan ku Saul kagalih. Anjeunna sumpah demi PANGERAN, yen Daud moal dipaehan.

⁷Ti dinya Daud ku Yonatan disaur, sanggeus diwartosan tuluy dideuheuskeun ka Saul. Saterusna babakti deui sakumaha biasa.

⁸Waktu urang Pelisti merangan deui, ku Daud dielehkeun deui, baladna loba pisan anu kasambut, tuluy kalabur.

⁹Dina hiji poe Saul kasurupan deui ku roh jahat ti PANGERAN. Harita anjeunna keur di bumi bari nyenyepeng tumbak. Ku Daud dipangacapikeun.

¹⁰Tapi Daud dilempag ku tumbak rek dipanggang kana tembok. Daud nyingcet, tumbakna nancleb kana tembok, ari Daud terus ngejat ti dinya.

¹¹Peutingna bumi Daud ku Saul dipiwarang ditingker, maksadna dina isukna Daud rek ditelasan. Tapi anjeunna diwartosan ku Mikal geureuhana, "Akang wengi ieu keneh kedah ngalolos, margi enjing aya anu rek maehan."

¹²Daud ku Mikal diulur tina jandela, tuluy ngalolos.

¹³ Geus kitu Mikal ngagolerkeun tapekong dina pajuaran, dibantalan tina bulu embe, rup disimbutan.

¹⁴ Jalma-jalma Saul daratang arek nangkep Daud. Ari saur Mikal Daud nuju udur.

¹⁵ Nu rek narangkep Daud ku Saul dipiwarang nyidikkeun ku sorangan, timbalanana, "Gotong bae ka dieu jeung kasurna, ku kami rek dipaehan!"

¹⁶ Barang jalma-jalma piwarangan arasup, kanyahoan yen anu dikedengkeun jeung dianggelan ku bulu embe teh tapekong.

¹⁷ Saur Saul ka Mikal, "Ku naon Nyai ngabobodo ka Ama, musuh Ama disina lolos?" Wangsul Mikal, "Ku abdi teu dipasihkeun lolos, mung bade maehan."

¹⁸ Ari Daud ngalolosna ka Ramah, ka Samuel, wawartos yen diarah-arah ku Saul. Ti dinya anjeunna jeung Samuel ka Nayot, calik di dinya.

¹⁹ Aya anu nguninga ka Saul yen Daud aya di Nayot wewengkon Ramah.

²⁰ Ku Saul dipiwarang disusul, kudu ditangkep. Barang daratang ka Nayot, anu nyarusul teh narenjo nabi-nabi keur ngarigel jeung tinghaleuang, diluluguan ku Samuel. Ku kersaning Roh Allah, jalma-jalma anu rek nangkep Daud teh marilu tingrengkenek jeung tinghaleuang.

²¹ Kawartoskeun ka Saul, seug anjeunna ngirimkeun deui jelema leuwih loba. Tapi anu

ieu oge marilu ngarigel jeung tinghaleuang. Saul ngirimkeun deui jelema katilu kalina, tapi anu ieu oge sarua kawas anu ti hareula.

²²Geus kitu mah anjeunna ku anjeun nyusul ka Ramah. Geus sumping ka sumur di Seku anjeunna mariksakeun di mana Samuel jeung Daud. Dibejakeun yen aya di Nayot.

²³Anjeunna terus ka Nayot. Ku kersana Roh Allah, angkatna sajajalan teh bari rerengkenekan jeung hahaleuangan.

²⁴Sumping ka Nayot anggoanana dicuculan, terus ngigel deui bari hahaleuangan di payuneun Samuel. Geus kitu bru bae ngalonjor sapoe eta jeung sapeuting jeput bari purucul. (Ti harita di dinya aya kacapangan, "Kutan Saul oge jadi nabi?")

20¹Daud ngalolos ti Nayot wewengkon Ramah, tuluy mendakan Yonatan. Saurna, "Abdi teh lepat naon? Gaduh kajahatan naon sareng dosa naon ka tuang rama nu mawi ku anjeunna diarah pati?"

²Waler Yonatan, "Paliyas teuing! Sanggem saha Rayi bade ditelasan? Moal diwidian ku Allah! Ama tara midamel perkara gede atawa leutik lamun tacan dibejakeun heula ka Akang. Pamohalan ama nyidem perkawis ieu ka Akang. Piraku!"

³Wangsul Daud, "Nanging perkawis ieu mah ku tuang rama moal disaurkeun, da uningaeun Akang nyaah ka abdi, bilih Akang nalangsa. Demi PANGERAN anu jumeneng,

sayaktosna salengkah deui bae abdi tinemu sareng ajal."

⁴Saur Yonatan, "Pangersa Rayi kumaha? Saurkeun, ku Akang dibelaan."

⁵Waler Daud, "Enjing teh Pesta Bulan Anyar, kedahna abdi ngiring kana jamuan sang raja. Rayi neda widi ka Akang moal ngiring. Enjing sareng pageto bade nyumput dugi ka burit.

⁶Upami kauninga ku raja Rayi teu aya, sebatkeun parantos nyuhunkeun idin ka Akang margi bade enggal-enggal wang sul heula ka Betlehem, kedah ngiring kana kurban kulawargi di ditu.

⁷Upami saurna, Hade, abdi tangtos salamet. Sawangsulna upami raja bendu, Akang uninga yen eta galagat cilaka.

⁸Abdi nyuhunkeun kasaean Akang tina perkawis ieu, ngemutkeun jangji suci Akang ka abdi. Nanging upami abdi lepat, sae paehan ku Akang nyalira bae! Na nganggo dicandak ka tuang rama heula sagala sareng dipaehan ku anjeunna?"

⁹Waler Yonatan, "Ah Rayi mah! Upami leres ama bade ngabinasa piraku ku Akang teu diwartosan."

¹⁰Saur Daud, "Upami tuang rama bendu, saha anu bade ngawartosan ka abdi?"

¹¹Waler Yonatan, "Hayu urang ka tegal." Bral arangkat.

¹²Ti dinya saur Yonatan, "Demi PANGERAN, Allahna urang Israil, enjing wayah kieu

atawa pageto, Akang rek ngajugjungan manah ama. Upami ieu panuhun Rayi ditampina ku ama bari marahmay, tangtos ku Akang diwartoskeun.

¹³Tapi upama ama keukeuh bade ngabinasa, ari Akang teu ngawartosan sareng henteu ngabantu Rayi ngalolos, Akang sing nandang siksa PANGERAN! Mugi PANGERAN nyarengan ka Rayi saperti nyarengan ka ama.

¹⁴Upama Akang aya kadar hirup keneh, Rayi ulah lali kana ikrar jangji urang, ulah lali ka Akang. Tapi upama Akang nepi ka tiwas,

¹⁵Akang titip aceukna sareng barudak, Rayi ulah pegat mikaheman. Kitu deui engke saparantos musuh-musuh Rayi disirnakeun ku PANGERAN,

¹⁶Rayi ulah dugi ka megatkeun jangji. Upami dugi ka megatkeun, PANGERAN nu baris ngahukum."

¹⁷Ti dinya Yonatan mundut ka Daud ngikrarkeun sakali deui jangjina, ku bawaning asih-asihna ka Daud, lir ka beubeulahan nyawana.

¹⁸Geus kitu saurna deui ka Daud, "Ku margi enjing teh Pesta Bulan Anyar, tangtos kauninga yen tempat Rayi kosong.

¹⁹Pageto bakal langkung kauninga deui. Jadi Rayi kedah nyumput di tempat anu biasa, tukangeun tumpukan batu.

²⁰Engke Akang rek mesatkeun tilu jamparing ka lebah dinya api-api aya anu diarah.

²¹ Akang rek nitahan budak sina neangan eta jamparing. Upama ceuk Akang ka eta budak, Tuh jamparing teh teu jauh ti maneh, pulung, eta isarat yen Rayi salamet, enggal bae bijil. Demi PANGERAN anu jumeneng, Akang nanggel Rayi moal sakara-kara.

²² Tapi upama ceuk Akang ka budak, Tuh jamparing teh jauh ka ditu, Rayi kedah kabur, eta tandaning Rayi ku PANGERAN dipiwarang nyinkah.

²³ Mugia jangji urang duaan ku PANGERAN ditetepkeun salalanggengna."

²⁴ Ti dinya Daud nyumput di tegal. Isukna dina poe Pesta Bulan Anyar, Raja Saul calik dina riungan seja tuang.

²⁵ Calikna dina tempat biasana, sisi tembok, Abner di gedengeunana, Yonatan di payuneunana. Katingalieun tempat Daud kosong.

²⁶ Tapi harita mah anjeunna henteu sasauran naon-naon, ceuk panggalihna, "Meureun aya halangan, dirina keur kanajisan."

²⁷ Isukna deui, poe kadua Pesta Bulan Anyar, tempat Daud kosong keneh, pok anjeunna mariksa ka Yonatan, "Ku naon Daud teu milu ngariung? Kamari ge henteu!"

²⁸ Saur Yonatan, "Parantos wawartos ka putra bade ka Betlehem.

²⁹ Sanggemna, Mugi abdi diwidian heula, disusulan ku pun lanceuk, margi di ditu bade aya kurban sakulawargi. Upami Akang

Ieres misobat, mugi abdi diwidian ngalongok heula kulawargi. Kitu margina henteu ngiring ngariung di dieu."

³⁰Saul kacida benduna ka Yonatan, saurna, "Anak bangkawarah! Ana kitu mah maneh biluk ka Daud, ngahinakeun maneh, ngerakeun ka indung!"

³¹Na teu nyaho yen sapanjang eta jelema hirup keneh mustahil maneh bisa jadi raja di ieu nagara? Teang, gusur ka dieu rek dipaehan!"

³²Wangsul Yonatan, "Ku naon margina kedah dipaehan? Naon dosana?"

³³Teu antaparah deui, Yonatan ku Saul dilempag ku tumbak. Kagalih ku Yonatan yen ramana enyaan rek maehan Daud.

³⁴Yonatan ngajengkat tina riungan, sarta sapoe eta, poe kadua Pesta Bulan Anyar, anjeunna henteu tuang naon-naon, jengkel ka rama, mangnalangsakeun ka Daud anu sakitu dihinana ku ramana.

³⁵Poe isukna kencling angkat ka tegal nyandak budak, seja nyumponan jangji nepangan Daud.

³⁶Geus kitu saurna ka budak, "Jung ka ditu lumpat, teangan engke jamparing anu ku kami arek dilepas." Budak teh lumpat, belesat Yonatan mesatkeun jamparing ngaliwatan eta budak.

³⁷ Sanggeus budak tea nepi ka tempat ragragna eta jamparing, ku Yonatan digeroan, "Tuh jamparing teh jauh keneh,

³⁸ ulah ngajanteng bae di dinya! Pulung ka ditu buru-buru!" Top budak teh mulung jamparing, tuluy nyampeurkeun ka dununganana,

³⁹ teu nyahoeun naon-naon. Nu terang kana eta isarat ngan Yonatan jeung Daud.

⁴⁰ Yonatan nyerenkeun pakarangna ka eta budak, sarta budakna dititah balik ka kota.

⁴¹ Sanggeus eta budak indit, Daud bijil ti tukangeun tumpukan batu, brek sideku, tuluy nyium taneuh tilu kali. Gabrug silih rangkul jeung Yonatan bari silih tangisan. Komo Daud mah nangisna mani antep-antepan.

⁴² Geus kitu saur Yonatan ka anjeunna, "Sing salamet Rayil! Mugia Allah nyarengan. Mugia jangji suci antara urang duaan masing ditetepkeun salalanggengna ku PANGERAN, sing nepi ka turunan urang." Ti dinya bral Daud angkat ngalolos, ari Yonatan mulih deui ka kota.

21 ¹Daud angkatna ngabujeng ka Imam Ahimelek di Nob. Ahimelek hariweusweus kageteun, tuluy mapag jeung mariksa, "Geuning nyalira bae?"

²Diwaler ku Daud, "Nuju ngemban timbalan raja. Timbalanana ieu perkawis anu diemban teh ulah aya anu terangeun. Rerencangan mah dipiwarang ngarantosan di Anu.

³Manawi Bapa kagungan keur bekel? Roti lima siki atanapi naon bae anu aya."

⁴Ceuk imam, "Roti biasa mah teu gaduh, aya oge roti suci. Eta bae candak, kitu soteh upami hidep sareng rencang-rencang parantos nyegah anjeun ti istri."

⁵Saur Daud, "Kantenan! Sarengna deui sadayana oge pimanaeun ka istri! Bujeng-bujeng keur ngemban timbalan anu sakieu pentingna, keur ngemban perkawis anu biasa ge rerencangan sok susuci heula."

⁶Tuluy roti suci teh ku imam diserenkeun ka Daud, da ngan eta anu aya, nya eta roti anu dipake ngahaturanan ka Allah. Ngan rotina geus diangkat tina meja suci, geus diganti ku nu anyar.

⁷(Poe eta di dinya kabeneran aya kapala tukang ngangon ingon-ingon Saul, ngaranna Doeg urang Edom, keur nedunan ibadahna.)

⁸Daud misaur deui ka Ahimelek, "Manawi kagungan tumbak atanapi pedang keur cekeleun putra? Putra teu kabujeng ngabantun heula pakarang ka rorompok, margi ku raja ditimbalan rurusuhan."

⁹Saur Ahimelek, "Aya oge pedang Goliat urang Pelisti tea, anu ku hidep ditiwaskeun di Lebak Ela. Mung eta-etana. Ari diperyogikeun mah mangga bae, itu pungkureun epod dibungkus ku lawon." Saur Daud, "Leres eta bae. Pedang pangsaé-saena eta teh di mana-mana oge."

¹⁰Ti dinya Daud kebat angkatna nyingkahan Saul, ngabujeng ka Gat, ka Raja Akis.

¹¹Ponggawa-ponggawa Raja Akis unjukan ka rajana, pokna, "Eta teh sanes Daud tea, raja di nagarana? Kapan eta anu ku awewe-awewe dipapag ku igel sareng kawih anu pokna, Saul maehan mangrebu-rebu, Daud maehan manglaksa-laksa."

¹²Eta omongan kacida matak salempangna ka Daud, sarta anjeunna kacida sieuneunana ku Raja Akis.

¹³Barang dilingkung arek ditangkep, anjeunna api-api jadi jelema owah, kuat-koet kana panto lawang kota bari Iudahna sina ngacay kana rumbah.

¹⁴Saur Akis, "Geuning nu gelo! Rek naon dibawa ka kami?

¹⁵Na kami teh kakurangan nu gelo make ditambahan ku ieu, kudu ngalalajoan eta si burung ngamuk di imah kami?"

22¹Daud terus kabur ti Gat, jol sumping ka hiji guha teu jauh ti Adulam. Saderek-saderekna jeung wargi-wargina ngadarenge beja yen anjeunna aya di dinya, tuluy nyarusul ngariring.

²Kitu deui jelema-jelema anu ngarasa digencet, anu baroga hutang atawa anu henteu sugema ku rajana, karumpul ka Daud. Kabehna kira-kira aya opat ratus urang. Daud diangkat jadi pamingpinna.

³Ti dinya Daud angkat ka Mispa di Moab, nepangan raja Moab. Saurna, "Neda widi, pun bapa sareng pun biang seja ngumbara di dieu, dongkap ka sim kuring mendak pituduh ti Allah kedah kumaha."

⁴Seug ibu ramana ku Daud dititipkeun ka raja Moab, sabot anjeunna nyumput di guha.

⁵Tapi aya hiji nabi jenenganana Gad, sumping ka Daud sarta ngawadian, saurna, "Ulah kajongjonan nyumput di dieu, kedah enggal-enggal ngalih ka wewengkon tanah Yuda." Bral Daud angkat ti dinya, tuluy nyumput di leuweung Keret.

⁶Dina hiji poe Saul aya di Gibea, keur calik di handapeun hiji tangkal di hiji pasir, pananganana nyepeng tumbak, diriung ku para gegedenna. Anjeunna geus meunang warta yen panyumputan Daud sabaladna geus aya anu mendakan.

⁷Seug nimbalan ka para gegedenna, "Darengekeun, eh urang Binyamin! Dikira Daud rek mere lahan jeung kebon-kebon anggur ka maraneh? Dikira maraneh rek dijieu kapala baladna?

⁸Moal teu kitu pikiran maraneh mana sakait ngalawan ka kami oge, lain? Mani euweuh anu bebeja yen anak kami pisan geus biluk ka Daud. Mani euweuh anu watir ka kami, euweuh anu ngomong yen salah sahiji abdi kami anu ngaran Daud keur neangan tarekah

arek maehan kami, malah diasur-asur ku anak kami!"

⁹Pok jelema anu ngaran Doeg tea, anu harita aya di dinya, unjukan, "Abdi kantos ningal Daud dongkap ka Ahimelek bin Ahitub di Nob.

¹⁰Ku Ahimelek dipangnaroskeun ka PANGERAN, dipangnaroskeun Daud kedah kumaha. Malah dipaparin bekel sareng pedang Goliat urang Pelisti."

¹¹Saul nimbalan, supaya Imam Ahimelek di Nob dideuheuskeun sakulawargana. Ahimelek geus sumping.

¹²Timbalan Saul ka anjeunna, "Dengekeun Ahimelek!" "Sumuhun timbalan," saur Ahimelek.

¹³Timbalan Saul, "Ku naon maneh sakait jeung Daud ngalawan ka kami? Ku naon Daud dibekelan kahakanan jeung pedang, jeung dipangnaroskeun ka Allah? Ayeuna eta teh ngancam arek maehan kami!"

¹⁴Saur Ahimelek, "Di antawis para abdi Raja, Daud teh pangsatiana! Turug-turug mantu Raja, kapala pangawal Gusti, tur kalintang dipikaajrihna ku saeus karaton.

¹⁵Leres ku abdi dipangnedakeun tea mah, tur sanes mung harita bae. Nanging tina hal anjeunna ngalawan, mugi Sang Raja ulah ngalepatkeun ka abdi atanapi ka saha bae ti antawis kulawargi abdi. Perkawis eta mah abdi henteu terang-terang!"

¹⁶Timbalan raja, "Maneh sakulawarga kudu paeh, Ahimelek."

¹⁷Geus kitu raja nimbalan ka para pangawal, "Paehan eta imam-imam PANGERAN teh! Geus sakongkol jeung Daud, teu daek bebeja yen Daud kabur, saki tu nyaho!" Tapi para pangawal taya anu ngusikkeun leungeun-leungeun acan, taya nu wani ngabinasa ka imam-imam PANGERAN.

¹⁸Saul nimbalan ka Doeg, "Paehan ku maneh!" Der Doeg maehan. Imam anu dipaehan ku Doeg poe eta aya dalapan puluh lima urang, kabeh anu manjing sarat ngagem epod.

¹⁹Ti dinya Saul marentah ngagempur Nob, kota para imam, ngabasmi urang dinya awewe, lalaki, barudak, orok, sapi, kalde, domba, kabeh ditumpes dipaehan.

²⁰Aya anu luput saurang, nya eta Abyatar putra Ahimelek, kabur ngahiji ka Daud.

²¹Katelengesan Saul ngabasmi para imam PANGERAN diwartakeun ka anjeunna.

²²Saur Daud, "Barang beh ge ningal Doeg harita, parantos karasa yen tangtos manehna bebeja ka Saul. Sakulawargi saderek dugi ka tumpes, eta sadayana gara-gara sim kuring.

²³Mangga urang sasarengan, teu kedah alit manah. Anu diarah-arah ku Saul teh sanes mung saderek bae, sim kuring oge. Nanging salami aya sim kuring, saderek tangtos rahayu."

23¹ Aya anu bebeja ka Daud yen urang Pelisti ngarurug kota Kehila, ngarampog gandum anyar.

² Anjeunna tumaros ka PANGERAN, "Kumaha abdi teh, kedah ngarurug ka urang Pelisti?" "Jung rurug," waler PANGERAN. "Pek tarajang, salametkeun kota Kehila."

³ Tapi ceuk nu ngariring, "Di dieu, di Yuda, urang parantos sakieu hariwangna, komo upami kedah ka Kehila nempuh urang Pelisti!"

⁴ Ku sabab kitu Daud tumaros deui ka PANGERAN. Ari waleran PANGERAN, "Bral bae rurug eta urang Pelisti teh ka Kehila, ku Kami rek diselehkeun ka maneh."

⁵ Bral Daud sabaladna ngabujeng ka Kehila, sarta urang Pelisti ditempuh datang ka loba pisan baladna anu kasambut, sarta ingon-ingonna dijabel. Kota Kehila katulungan.

⁶ Ari Abyatar putra Ahimelek tea kaburna ka Daud teh terus ngiring ka Kehila bari nyandak epod.

⁷ Aya wartana ka Saul yen Daud aya di Kehila. Saurna, "Tah geuning jelema teh ku Allah geus diselehkeun ka aing, geus ngurung maneh di jero kota nu make kuta jeung benteng."

⁸ Ti dinya anjeunna ngumpulkeun pasukan rek dicandak ka Kehila ngepung Daud sabaladna.

⁹Barang Daud ngadangu yen Saul arek ngajorag, anjeunna nyaur Abyatar, saurna, "Epod candak ka dieu."

¹⁰Seug anjeunna unjukan ka PANGERAN, Allah Israil, "Aya wartos Saul bade ngajorag ngagempur Kehila, ngarah ka abdi.

¹¹Kumaha urang Kehila, naha bakal nyerenkeun abdi ka Saul? Naha leres Saul bakal ka dieu sakumaha wartos? Nun PANGERAN, Allah Israil, mugi kersa ngawaler!" PANGERAN ngawaler, "Saul tangtu ka dieu."

¹²Daud unjukan deui, "Kumaha urang Kehila, bade nyerenkeun abdi sadaya ka Saul?" PANGERAN ngawaler, "Enya."

¹³Harita keneh Daud sabalandna, kira-kira genep ratus urang, angkat nyinkah ti Kehila. Barang Saul ngadangu warta yen Daud geus kaluar ti Kehila, ngarurugna henteu tulus.

¹⁴Daud geus nyumput di pagunungan di hiji tanah gurun deukeut Sip. Saul teu eureun-eureun ngudag-ngudagna, tapi ku Allah teu diparengkeun iasa newak.

¹⁵Daud geus uningaeun yen Saul geus kaluar deui rek ngarah pati. Daud nyumputna di Hores, hiji tanah gurun deukeut Sip.

¹⁶Jol Yonatan ka dinya nepangan sarta ngahatean ka anjeunna kalawan percanten kana pangraksa Allah.

¹⁷Saurna ka Daud, "Rayi ulah sieun, Saul rama Akang moal iasa naon-naon ka Rayi.

Anjeunna uningaeun pisan yen Rayi bakal jadi raja nyangking Israil, sarta Akang pijadieun anu kadua ti Rayi."

¹⁸ Seug Yonatan jeung Daud ngikrarkeun sumpah suci moal pegat sosobatan. Geus kitu Yonatan mulih, ari Daud tetep di Hores.

¹⁹ Aya sawatara urang Sip anu bebeja ka Saul di Gibea, pokna, "Daud aya di wewengkon abdi di Hores, di Gunung Hakila, di tanah gurun wewengkon urang Yuda palih kidul.

²⁰ Abdi terang Sang Raja kalintang hoyongna nangkep Daud. Mangga sumping ka ditu, ditanggel Daud katangkep."

²¹ Saur Saul, "Maraneh sing diberkahan ku Allah, sabab geus sakitu hadena ka kami!

²² Jung geura baralik, jeung puguhkeun sakali deui, sidikkeun di lebah mana nyumputna, saha anu kungsi nenjoeunana. Bejana eta jelema teh kacida pelitna.

²³ Sing kapanggih panyumputanana, tuluy buru-buru bejakeun ka kami di dieu. Engke urang bareng ka ditu jeung kami, urang peregokan. Mun di dinya keneh ku kami rek diubek. Lamun perlu satanah Yuda rek dikotek tak."

²⁴ Urang Sip baralik heulaeun Saul. Ari Daud jeung sabalandna aya di tanah gurun Maon, di hiji lebak anu tiiseun, wewengkon tanah gurun urang Yuda beulah kidul.

²⁵Aya anu bebeja ka Daud yen Saul geus angkat jeung baladna arek ngudag. Daud ngalih ka hiji gunung cadas di tanah gurun Maon, tapi Saul oge ka dinya ngudagna.

²⁶Saul sabalandna geus aya di sisi eta gunung cadas beulah ditu, Daud sabalandna sisi beulah dieu purat-perot nyinkahan Saul anu geus beuki deukeut. Moal lila deui ge kaudag.

²⁷Tapi dumadakan aya utusan datang ka Saul, miunjuk, "Enggal mulih, urang Pelisti ngarurug ka nagara!"

²⁸Saul nunda udaganana, rek ngayonan heula urang Pelisti. Ku sabab kitu eta tempat disebut Pasir Pamisah.

²⁹Daud ngalih ti dinya tuluy nyumput di wewengkon En Gedi.

24¹Samulihna Saul tas ngayonan urang Pelisti, aya anu bebeja yen Daud aya di hiji tanah gurun deukeut En Gedi.

²Saul nyandak balad tilu rebu urang, kabeh prajurit Israil petinganana, dicandak neangan Daud sabalandna ka wetaneun Gunung Cadas Embe Leuweung.

³Geus sumping ka dinya, Saul lebet ka hiji guha deukeut karapyak domba sisi jalan, seja ngahampangkeun salira. Daud sabalandna ge nyarumputna di eta guha, ngan di jero pisan.

⁴Balandna arunjukan, "Ayeuna waktosna! Ieu tandaning PANGERAN nimbalan yen Mantenna parantos nyelehkeun eta musuh ka panangan anjeun. Bade dikieu-kieu ge parantos teu aya

halanganana." Ti dinya Daud ngarayap, tuluy ngeureut tungtung jubah Saul sacewir. Ku Saul teu karaoseun.

⁵Tapi Daud ratug manahna.

⁶Pok sasauran ka balad, "Ampun teuing ka PANGERAN, paliyas kudu ngagunasika ka gusti jungjunan kami anu geus didamel raja ku PANGERAN! Saeutik ge kami teu meunang ngagunasika ka anjeunna, sabab anjeunna teh raja anu dipilih ku PANGERAN."

⁷Eta kasauran sarua jeung ngahulag ka balad sangkan ulah narajang ka Saul. Saul lugay, leos kaluar tina guha rek neruskeun laku.

⁸Daud nyusul kaluar tuluy ngagero ti pungkureunana, "Gusti, Sang Raja!" Saul nyoreang. Daud brek sideku,

⁹tuluy miunjuk, "Ku naon Gusti teh ngandel ka jalmi-jalmi anu nyebatkeun abdi ngarah ka salira Gusti?

¹⁰Raja uninga ku anjeun, bieu di lebet guha salira Raja ku PANGERAN parantos diselehkeun kana kakawasaan abdi. Abdi ku balad disuhunkeun kedah nelasan Raja, nanging abdi henteu tega. Sanggem abdi saeutik ge teu gaduh niat nyilikakeun, margi Gusti ku PANGERAN parantos dijenengkeun raja.

¹¹Tingali ieu, Ama, ieu sosohan jubah Ama aya dina leungeun abdi! Upami tadi abdi niat nyilikakeun, kantenan tiasa. Nanging abdi

mung ngeureut ieu bae. Ieu tawisna yen abdi sama sakali teu gaduh niat nyilakakeun ka Ama. Abdi ku Ama diudag-udag bade dipaehan. Naon dosa abdi?

¹² Mugi PANGERAN ngajadi saksi, saha di antawis urang anu lepat! PANGERAN anu bakal ngabales ka Ama, da menggah abdi mah saeutik ge teu gaduh maksad awon ka Ama.

¹³ Ama tangtos uninga kana babasan, Kajahatan bijilna ti jalma jahat. Paliyas teuing abdi nyilakakeun ka Ama.

¹⁴ Tingali, ieu abdi anu bade dipaehan ku raja Israil teh! Tingali ieu anu diudag-udag ku anjeunna teh! Mung bangke anjing sahiji, tuma sasaki!

¹⁵ PANGERAN anu baris mutus, nu bakal nangtoskeun, saha di antawis urang anu ngandung tekad awon. Mugi-mugi Mantenna ngalereskeun ieu perkawis, sareng ngabela abdi ti panangan Ama."

¹⁶ Anggeus Daud miunjuk, Saul ngalahir, "Geuning maneh, Daud, anak ing!" Segruk Saul nangis.

¹⁷ Tuluy ngalahir deui, "Hidep anu bener, Ama anu salah. Geuning sakitu hadena hidep ka Ama teh, sabalikna Ama sakitu jahatna ka hidep!"

¹⁸ Poe ieu hidep geus ngabuktikeun kahadean hate ka Ama. Ama ku PANGERAN

geus diselehkeun ka hidep, ku hidep teu dipaehan.

¹⁹Saha teh teuing pijalmaeunana anu daek ngaleupaskeun musuh tina genggemanana tur henteu dikieu-kieu? Kamulyaan hate hidep ka Ama poe ieu, mugia dirahmat ku PANGERAN.

²⁰Ayeuna Ama yakin, hidep tangtu jadi raja nyangking Israil. Karajaan Israil bakal nanjung dina cangkingan hidep.

²¹Pamenta Ama mugia hidep jangji ka PANGERAN yen kersa nangtayungan ka turunan Ama, supaya ngaran Ama jeung ngaran turunan Ama ulah nepi ka tumpur."

²²Ti dinya Daud sumpah ka Saul yen seja nedunan pamundutna. Geus kitu Saul mulih, ari Daud sabalandna lebet deui ka panyumputan.

25¹Geus nepi kana pastina, Samuel pupus. Bangsa Israil daratang ngaralayad, nembungkeun kaprihatinan. Geus kitu Samuel dikurebkeun di tempat panglinggihanana di Ramah. Ari Daud nyumputna ngalih ka tanah gurun Paran.

²(25: 2-3) Aya hiji jelema kaom Caleb, ngaranna Nabal urang Maon, kacida beungharna, lahanna kacida legana, deukeut Karmel, dombana tilu rebu siki, embena sarebu siki. Bojona, Abigail, nya geulis nya pinter. Hanjakal Nabal teh goreng adat,

barangasan. Dina hiji poe Nabal nyukuran dombana di Karmel.

³ (25: 2)

⁴ Aya anu ngabejakeun ka Daud di tanah gurun.

⁵ Seug anjeunna ngutus sapuluh nonoman ngintunan salam ka Nabal,

⁶ amanatna, "Salam sungkem ti Daud mitra Bapa, mugi Bapa sakulawargi sareng sadayana bae aya dina kawilujengan.

⁷ Sarehing nampi wartos Bapa nuju nyukuran domba di dieu, anjeunna hatur uninga, yen pangangon-pangangon Bapa nalika ngarangon di lebah abdi sadaya istuning aman henteu diganggu. Unggal ngarangon di Karmel tacan kantos kaicalan.

⁸ Mangga pariksakeun ka maranehna, tangtos dihaminan. Sarehing abdi-abdi dongkap teh dina dinten pesta, Daud mundut kasaean Bapa, mugi kersa nampi abdi-abdi. Mugi Bapa kersa masihan naon bae sakumaha karidoan Bapa ka abdi-abdi, gandek-gandek Bapa, sareng ka Daud, mitra Bapa."

⁹ Eta pamenta diucapkeunana kalawan asma Daud. Anggeus miatur, para nonoman ngadarago jawaban.

¹⁰ Sanggeus lila Nabal kakara ngajawab, pokna, "Daud? Saha Daud teh? Asa kakara ngadenge! Puguh ge ayeuna teh loba pisan gandek anu kalabur!"

¹¹ Enya dahareun aya inumeun aya,
peupeuncitan aya, tapi jang jelema-jelema
anu keur nyalukuran domba, lain jang
jelema-jelema anu teu puguh asal-usulna!"

¹² Para nonoman baralik ka Daud, pokpokan
Nabal diunjukkeun.

¹³ Harita keneh Daud marentah, "Sadia
pedang!" Prak balad nyarikep pedangna
masing-masing. Daud oge nyikep pedangna,
bral angkat jeung balad opat ratus urang,
anu dua ratus urang deui ditinggal ngajaga
barang-barang.

¹⁴ Aya hiji gandek Nabal bebeja ka Abigail
bojona Nabal, pokna, "Tadi aya utusan Daud
ti tanah gurun, ngintun salam ka juragan
pameget, nanging ditampina kasar pisan.

¹⁵ Juragan Daud kacida saena ka abdi
sadaya, tara ngarampas naon-naon. Salami
abdi-abdi ngarangon di tanah gurun teu acan
kaicalan naon-naon.

¹⁶ Malahan ditangtayungan siang wengi.

¹⁷ Ku margi kitu Juragan kedah ihtar
supados ulah aya kitu kieu. Moal lepat bakal
aya bahla ka Juragan sakulawargi. Tuda
juragan pameget mah kitu teu kenging
diunjukanan."

¹⁸ Ti dinya Abigail pakepuk nyadiakeun roti
dua ratus siki, cianggur dua wadah pinuh,
panggang domba lima, sanggray gandum
tujuh belas kilo, buah anggur kering saratus

ranggeuy, sale buah kondang dua ratus guruntul, tuluy dimuatkeun kana kalde.

¹⁹Geus kitu saurna ka eta gandek, "Jung maneh ka ditu ti heula, kami nuturkeun pandeuri." Ka salakina mah henteu bebeja.

²⁰Tuluy Abigail indit tumpak kalde. Barang nepi ka hiji pengkolan lamping pasir, paamprok jeung rombongan Daud.

²¹Daud tadi geus ngamanah kieu, "Naon gawena kami di tanah gurun ngajaga kaboga eta manusa? Cumah! Sasiki ge dombana ku kami euweuh anu dipaling, tapi kieu pamulangna. Boga pamenta sakitu ge teu ditedunan!"

²²Kami sing nandang siksa PANGERAN, lamun samemeh bray beurang tacan ngabasmi sakabeh jalma lalaki nu aya di ditu nepi ka anu panganggeusan!"

²³Barang prok jeung Daud, Abigail tuturubun tuluy nyuuh, meubeutkeun maneh

²⁴kana sampean Daud, tuluy unjukan, "Duh Juragan, dangukeun heula! Anu lepat teh abdi, mangga abdi geura siksa.

²⁵Sawios Nabal mah tong dimanahan, teu aya damelna. Namina surup sareng hartosna: Jalmi teu gaduh pikiran. Nalika utusan Juragan darongkap, abdi nuju teu aya.

²⁶PANGERAN parantos ngatur sangkan Juragan teu ciros numpes musuh. Demi PANGERAN anu jumeneng, mugia sadaya

musuh Juragan sareng sugri anu ngarah ka Juragan, kalebet Nabal, sing kenging babales.

²⁷ Mugi Juragan kersa nampi ieu rejeki, hatur lumayan kangge balad.

²⁸ Samudaya kalepatan nyuhunkeun sih hapuntenna. Juragan tangtos ku PANGERAN dijenengkeun raja turun-tumurun, reh parantos ngalakonan perang Mantenna. Sareng mugia salami Juragan jumeneng ulah kantos midamel kaawonan.

²⁹ Upami Juragan aya anu ngudag atanapi ngarah pati, tan wande PANGERAN Allah Juragan ngaping lir ngajagi pupunden. Sadaya musuh Juragan ku Mantenna bakal dipeclengkeun sapertos batu dipeclengkeun tina bandring.

³⁰ Saparantos engke Juragan nampi bukti tina jangji pitulung PANGERAN, sarta ku Mantenna parantos dijadikeun raja nyangking Israil,

³¹ tangtos bakal karaos bagja nugrahana teu kantos maehan tanpa lantaran, teu kantos ngajalankeun babales nyalira. Saupami Juragan nampi rahmat PANGERAN, mugi sing emut ka abdi."

³² Waler Daud, "Maha Agung PANGERAN Allah Israil. Poe ieu Nyai dipanggihkeun jeung kami.

³³ Puji ka Allah, Nyai geus nembongkeun kaweningan hate, mepelingan sangkan

kami ulah nepi ka maehan, ulah nepi ka ngajalankeun babales.

³⁴ Estu ku kersaning PANGERAN kami teu kungsi nyilakakeun ka Nyai. Sabab tadi kami geus sumpah demi Allah Israil anu jumeneng, yen sakabeh jelema nu aya di Nabal tangtu dibasmi samemeh bray isuk. Hadena Nyai kaburu datang!"

³⁵ Sagala pangbakti Abigail ku Daud ditampi, geus kitu saurna, "Nyai geura balik. Tong salempang, pamenta Nyai tangtu dicumponan."

³⁶ Abigail tuluy balik. Nabal kasampak keur pesta rosa kacida, mani kawas pesta raja bae. Abigail teu kaburu popoyan harita, sabab Nabal keur jigrah mabok.

³⁷ Bebeja-bebeja isukna, sanggeus Nabal eling tina mabokna. Sanggeus dibejaan, Nabal ngadadak kaserang jajantung sarta sakujur badanna jadi lumpuh.

³⁸ Heuleut sapuluh poe ti harita Nabal ngan kari ngaran, lastari digebug ku PANGERAN.

³⁹ Wartana kadangu ku Daud. Anjeunna muji sukur, "Puji sukur ka PANGERAN, anu geus nyegah aing tina ngajalankeun babales. Nabal anu sakitu ngahinana geus dibales ku PANGERAN ku manten, kagorenganana ku Mantenna geus dihukum." Ti dinya Daud ngintun panglamar ka Abigail seja kapigarwa.

⁴⁰ Bral utusan laleumpang ka Karmel nepungan Abigail, pok halaturan, "Abdi-abdi

ngemban piwarangan Daud ngala Ibu, kersana bade ditikah."

⁴¹ Brek Abigail sideku tuluy sasauran, "Sumangga katampi sumeja jadi abdina, purah ngumbah suku gandek-gandek anjeunna."

⁴² Neut cengkat, clak kana kalde diiring ku lima emban, bral angkat ngiring ka utusan Daud. Satulunya jadi geureuha Daud.

⁴³ Daud harita enggeus garwaan ka Ahinoam urang Yisrel. Jadi geureuhana dua jeung Abigail.

⁴⁴ Ari Mikal putra Saul, geureuhana anu hiji deui mah ku Saul geus ditikahkeun ka nu sejen, ka Palti bin Lais urang Galim.

26 ¹Aya sawatara urang Sip bebeja ka Saul di Gibea yen Daud keur nyumput di Gunung Hakila, di sisi tanah gurun wewengkon Yuda.

²Harita keneh Saul nyandak tilu rebu perjurit Israil anu petingan, tuluy angkat ka tanah gurun Sip rek ngudag Daud.

³Geus kitu masanggrahan di Gunung Hakila sisi jalan. Ari Daud aya di eta tanah gurun, geus kawartosan yen keur diudag ku Saul.

⁴Anjeunna ngintunkeun jelema sina ngayakinkeun. Enya Saul geus aya di lebah dinya.

⁵Gancang Daud angkat ka pangrereban Saul jeung Abner bin Ner panglima perang. Saul

geus kulem di tengah-tengah pasanggrahan, dikurilingan ku pakemahan baladna.

⁶Daud ngalahir ka Ahimelek urang Het, jeung ka Abisai saderek Yoab anu ibuna Seruya, "Saha nu wani milu jeung kami?" "Abdi!" ceuk Abisai.

⁷Peuting eta Daud jeung Abisai nyulumun ka pasanggrahan Saul. Saul kasampak geus ebog kulem di satengahing pasanggrahan, tumbakna nanceb dina taneuh gigireun mastakana. Abner sapasukanana oge kabeh sarare ngurilingan anjeunna.

⁸Ceuk Abisai, "Ieu musuh wengi ieu ku Allah parantos diselehkeun ka urang. Keun ku abdi urang panggang kana taneuh ku tumbakna sorangan. Sakali ge cekap, moal ngadua kalian!"

⁹Saur Daud, "Ulah digunasika! PANGERAN bakal nyiksa ka anu nyilakakeun raja kenging-Na ngangkat.

¹⁰Demi PANGERAN anu jumeneng, kami yakin PANGERAN ku manten anu bakal nyabut nyawa Saul, boh pupus sabiasa, boh kasambut di medan perang.

¹¹Kami dilarang ku PANGERAN, teu meunang maehan jelema anu ku Mantenna geus diangkat jadi raja! Urang bawa tumbakna jeung wadah caina, tuluy urang nytingkah."

¹²Seug tumbak Saul jeung wadah cai anu di gigireun mastakana ku Daud dicandak, geus

kitu anjeunna nyingkah ti dinya. Taya saurang anu nangenan, kabeh keur sarare tibra teu aya anu usik-usik acan, sabab disirep ku PANGERAN.

¹³Daud kebat angkat ka lebak peuntas ditu, tuluy ngadeg di poponclot pasir, anggangna cukup geusan dipake ngejat.

¹⁴Anjeunna ngageroan ka Abner jeung pasukanana, "Abner! Kadenge ka dinya?" Walon Abner, "Saha, gera-gero di dinya, ngabaribinan sang raja?"

¹⁵Waler Daud, "Abner! Cenah andika teh jelema pangdigjayana di Israil! Lamun enya, ku naon jungjunan andika, sang raja, ku andika henteu dijaga? Bieu aya jelema nyulumun ka dinya rek nelasan jungjunan andika.

¹⁶Andika talobeh kana kawajiban, he Abner! Kaula sumpah demi PANGERAN anu jumeneng, lamun kaula niat, tadi andika kabeh geus jemprah tariwas, gara-gara andika talobeh ngajaga raja anu diangkat ku PANGERAN! Coba ilikan, di mana tumbak sang raja? Di mana wadah caina anu di gigireun mastakana?"

¹⁷Saul wawuheun kana sora Daud, tuluy ngagero, "Daud! Maneh eta teh, anaking?" Waler Daud, "Leres Gusti Sang Raja!

¹⁸Ku naon margin Ama ngudag-ngudag bae ka abdi? Naon kalepatan abdi? Naon kajahatan abdi?

¹⁹Kangjeng Raja, dangukeun pihatur abdi. Upami Gusti ngarah-ngarah ka abdi teh leres kersaning PANGERAN, ku abdi bade dihaturanan kurban, manawi kersaeun ngarobah pangersa-Na. Sawangsulna upami lantaran diangsonan ku manusa, mugi eta manusa anu ngangsonan teh sing disapa ku PANGERAN. Margi upami leres kitu, nya maranehna anu ngalantarankeun abdi dibuburak ti tanah kagungan PANGERAN ka nagara batur, sasat dipaksa kedah ngabakti ka aallahaan bangsa batur.

²⁰Mugi Gusti ulah ngersakeun abdi tiwas di nagara batur anu tebih ti PANGERAN. Ku naon raja Israil ngarah pati abdi anu mung saibarat tuma? Ku naon Gusti ngudag-ngudag abdi lir moro kasintu?"

²¹Waler Saul, "Ama salah, Ama salah! Baeu mulang, Daud anaking! Ama kapok moal ngarah-ngarah deui, sabab peuting ieu hidep geus ngaraksa nyawa Ama. Ama rumasa sasar, ngaco liwat saking!"

²²Waler Daud, "Ieu nyanggakeun tumbak kagungan Sang Raja. Parentahkeun sina dibantun.

²³PANGERAN bakal ngaganjar ka anu satia sareng bener. Dinten ieu Mantenna parantos nyelehkeun Sang Raja kana genggeman abdi, nanging ku abdi henteu dikieu-kieu, margi Sang Raja diangkat ku PANGERAN.

²⁴ Sakumaha abdi dinten ieu parantos ngaraksa nyawa Sang Raja, mugia PANGERAN ngaraksa ka abdi, ngaluputkeun tina sugri bancang pakewuh!"

²⁵ Lahiran Saul ka Daud, "Muga hidup dirahmat ku Allah, anakku! Sagala lampah hidup tinangtu bakal lulus!" Geus kitu Daud angkat ti dinya. Saul oge tuluy mulih.

27 ¹Ku Daud kagalih, "Lila-lila mah kami beunang oge dipaehan ku Saul. Taya deui ihtiari nu panghadena, lian ti kami kudu kabur ka tanah Pelisti. Saul tangtu eureun ngudagna, moal haben nyaksrak di tanah Israil. Tangtu kami salamet."

²Ti dinya Daud jeung baladna genep ratus urang ngalih ka Pelisti, ka Akis bin Maok raja Gat.

³Daud sabalandna katut anak bojona masing-masing geus maratuh di Gat. Daud oge katut dua geureuhana, Ahinoam ti Yisrel jeung Abigail randana Nabal ti Karmel.

⁴Sanggeus Saul ngadangu Daud kabur ka Gat, ngudag-ngudagna liren.

⁵Daud misaur ka Akis, "Sim kuring teu kedah matuh di kota raja. Manawi kawidian mah nyuhunkeun matuh di kota alit bae."

⁶Ku Akis dipaparin kota Siklag, sarta ti semet harita Siklag jadi kagungan raja-raja Yuda.

⁷Daud ayana di Pelisti genep belas bulan.

⁸Sapanjang kitu Daud sabalandna ngarurug ka urang Gesur, ka urang Girsi, jeung ka urang Amalek, anu geus ti baheula jadi pribumi di wewengkonna masing-masing. Dirurugna meh nepi ka wewengkon Sur jeung wates Mesir.

⁹Jelemana awewe lalaki diparaahan, ingon-ingonna domba, sapi, kalde jeung onta kitu deui papakean, dijarah. Ari geus mulih,

¹⁰Iamun ku Akis dipariksa, "Tas ngarurug ka mana?" Sok diwaler tas ngarurug pakidulan tanah Yuda, atawa tas ngarurug wewengkon bani Yerahmel, atawa wewengkon urang Keni.

¹¹Saban wewengkon anu dirurug, jelemana kabeh taya anu dihirupan, awewe lalaki kabeh diparaahan bae supaya ulah aya anu bebeja ka Gat ka mana saenyana Daud ngarurugna. Kitu bae damelna Daud teh sapanjang aya di Pelisti.

¹²Ari Akis kacida percayana ka anjeunna, nepi ka ceuk pamikirna, "Eta jelema teh kacida dipikaceuceubna ku urang Israil, ku bangsana sorangan. Tangtu bakal ngabantu ka aing saumur hirupna."

28¹Dina hiji mangsa urang Pelisti mepek balad arek merangan ka Israil. Akis ngalahir ka Daud, "Saderek tangtos maphum yen saderek sareng balad-balad kedah ngabantu perang ka sim kuring."

²Waler Daud, "Kantenan. Sim kuring teh bawahan saderek. Mangga engke tingalikeun

sim kuring kumaha." Waler Akis, "Sukur. Ana kitu mah sae jadi pangawal sim kuring bae atuh saterasna."

³Harita Samuel geus pupus, dikurebkeun di kota pangcalikanana di Ramah. Bangsa Israil prihatin katinggal ku anjeunna. Sarta harita teh sakabeh tukang torah jeung tukang manggil arwah ku Saul geus diteuayakeun di Israil.

⁴Pasukan-pasukan Pelisti geus masanggrahan di kota Sunem. Saul oge geus ngumpulkeun balad Israil, masanggrahan di Gunung Gilboa.

⁵Barang anjeunna ningali kakuatan wadya balad Pelisti, kacida gimireunana.

⁶Seug naroskeun pilampaheun ka PANGERAN, tapi ku PANGERAN teu diwaler, boh ku lantaran impenan boh ku Urim jeung Tumim, boh ku lantaran nabi.

⁷Ku sabab kitu anjeunna nimbalan ka para gegeden, "Kami pangneangankeun tukang nyarumah rek menta pituduh." Walonna, "Aya saurang, di En Dor."

⁸Ti dinya Saul ganti anggoan, nyamur. Reup magrib bral angkat diiring ku dua jelema, kersana rek nepangan awewe tukang nyarumah tea. "Kuring panghudangkeun arwah, pangnanyakeun kuring bakal kumaha," saurna ka eta awewe. "Pangmanggilkeun arwahna jelema anu ngaranna engke disebut ku kuring."

⁹Ceuk eta awewe, "Ah, kawas nu teu terang bae kumaha kerasna Raja Saul ngusiran tukang-tukang nyarumah jeung tukang-tukang metangan ti Israil. Rek ngadoja, ngarah Ema dipaehan?"

¹⁰Saul sumpah, "Kuring nanggung Ema moal dihukum. Kuring sumpah demi PANGERAN anu jumeneng!"

¹¹"Saha anu ku Ema kudu dihanjatkeun teh?" ceuk eta awewe. Saur Saul, "Samuel."

¹²Barang eta awewe nenjo Samuel, goak bae ngagoak sarta pokna ka Saul, "Gusti ngalejokeun! Geuning Gusti teh Raja Saul!"

¹³Saur raja, "Tong sieun! Naon nu katenjo?" Jawabna, "Ningal arwah hanjat ti jero taneuh."

¹⁴Saur Saul, "Kumaha rupana?" Jawabna, "Jalmi sepuh, nganggo harudum." Kagalih ku Saul tangtu eta teh Samuel. Brek anjeunna mando.

¹⁵Samuel mariksa ka Saul, "Bade naon ngusik-ngusik, ngahanjatkeun Bapa?" Waler Saul, "Putra nuju kalintang ewedna. Urang Pelisti bade merangan. Turug-turug putra parantos ditilar ku Allah. Mantenna teu kersaeun deui ngawaler, boh ku nabi boh ku impenan. Kitu nu mawi nyambat ka Bapa, nyuhunkeun pituduh."

¹⁶Saur Samuel, "Atuh ari parantos ditilar sareng dimusuh ku PANGERAN mah ku naon nyambat ka Bapa?

¹⁷ Da kadar hidup kitu teh kapan Mantenna anu nimbalkeunana oge ka hidup, Bapa mah darma mangnepikeun, nya eta: Karajaan Israil dicandak ti hidup, diselehkeun ka Daud.

¹⁸ Eta teh bongan hidup geus ngarempak timbalan PANGERAN, nya eta bangsa Amalek jeung harta bandana ku hidup henteu ditumpurkeun sama sakali. Nu matak ayeuna hidup dikitukeun ku PANGERAN.

¹⁹ Hidup jeung bangsa Israil ku Mantenna bakal diselehkeun ka urang Pelisti. Isukan hidup jeung anak-anak anu lalaki bakal ngahiji jeung Bapa di dieu. Wadya balad Israil oge ku PANGERAN bakal diragragkeun ka urang Pelisti."

²⁰ Bluk Saul tibeubeut, nangkaban kana taneuh, kacida ngaraos sieunna ku eta kasauran Samuel. Mana geus lungse da geus sapoe sapeuting teu tuang-tuang.

²¹ Ku eta awewe disampeurkeun, kaciri pisan yen eukeur baluas. Pok eta awewe teh unjukan, "Gusti, abdi tutas nyumponan pamundut, kantun nyanggakeun pati hurip.

²² Ayeuna sawangsulna mugi kersa ngadangu panuhun abdi. Geura tuang, supados kiat angkat ari mulih. Ku abdi bade disayagikeun."

²³ Saul teu kersaeun, saurna moal tuang. Tapi bawaning ku diririhan ku eta awewe kitu deui ku pangiringna, tungtungna kersaeun oge. Neut cengkat tina taneuh, gek calik dina bale-bale.

²⁴Ku eta awewe geuwat dipangmeuncitkeun anak sapi kabiri, dipangnyieunkeun roti anu henteu make ragi.

²⁵Sanggeus tarapti diolahkeunana tuluy dihaturkeun ka Saul jeung pangiringna. Prak taruang. Geus kitu tuluy mulih peuting eta keneh.

29¹Urang Pelisti mawa baladna ka Apek. Urang Israil kumpulna di deukeut hiji cinyusu di Lebak Yisrel.

²Raja-raja Pelisti anu lima, baris jeung pasukanana masing-masing, ungal pasukan prajuritna aya anu saratus, aya anu sarebu. Ari Daud sabalandna barisna pangtukangna jeung Raja Akis.

³Ku para panglima urang Pelisti katarenjoeun, tuluy maranehna naranyakeun ka Akis, "Eta urang Ibrani rek naraon araya di urang?" Saur Akis, "Ieu teh Daud, urut gegeden Raja Saul ti Israil. Geus lila aya di kaula. Ti barang datang nepi ka ayeuna, ku kaula tacan kapanggih aya codekana."

⁴Tapi para panglima teh arambekeun ka Akis, pokna, "Sina baralik deui bae ka ditu, ka tempat paparin ti sampean, tong dibawa perang. Bisi sabot urang tarung seug malikan. Jalan naon deui geura anu pangalusna sangkan kaaku deui ku rajana, salian ti ngabasmi balad urang?

⁵Jeung deui kapan eta teh Daud anu diparuji ku awewe-awewe, dipapag ku

igel jeung kawih anu pokpokanana, Saul maehan mangrebu-rebu, Daud maehan manglaksa-laksa."

⁶Ngalahir Akis ka Daud, "Demi PANGERAN anu jumeneng, kaula sumpah yen kaula yakin saderek henteu bengkok sembah. Ti barang sumping ka kaula, saderek tacan kapendak codeka. Kaula bungah saderek kersa mantuan perang. Nanging raja-raja sanes henteu panujueun.

⁷ Mana langkung sae mulih deui bae masing raos-raos, sangkan henteu ngabarubahkeun ka aranjeunna."

⁸ Waler Daud, "Naon kalepatan sim kuring? Upami leres sakumaha pilahir Sang Raja yen sim kuring ti saprak kumureb teu acan kapendak codeka, ku naon teu kenging ngiring merangan ka musuh Sang Raja, Gusti sim kuring?"

⁹ Saur Akis, "Kaula panuju. Saderek teh estu satia lir malaikat Allah bae. Mung raja-raja anu sanesna henteu panujueun saderek ngiring perang.

¹⁰ Saderek katut sakumna anu naringgalkeun Saul sarta darongkap ka kaula, enjing barang bray isuk kedah parantos arangkat ti dieu, marulih."

¹¹ Poe isukna Daud sabaladna mulih ka Pelisti, ari urang Pelisti kebat muru ka Yisrel.

30¹ Sanggeus dua poe, Daud sabaladna narepi ka Siklag. Manahoreng Siklag

geus aya anu ngarampog, dirampog ku urang Amalek anu ngaranjah pakidulan tanah Yuda. Eta kota geus dihuru,

² awewe-awewe kabeh diboyong, teu aya anu dipaehan. Babandaanana beak dikerid.

³ Daud sabaladna ngan nyaksian kotana geus urut ngahuru, sarta anak rabina geus saruwung dibawa ku batur.

⁴ Daud sabaladna tinggarauk careurik antep-antepan nepi ka beak tanaga.

⁵ Geureuha Daud oge, Ahinoam jeung Abigail, henteu kasampak, sarua dibawa ku batur.

⁶ Daud kacida susaheunana ningali balad sakitu sarediheunana kaleungitan anak rabi, nepi ka anjeunna arek pada ngabenturan ku batu. Tapi manahna ditegerkeun ku PANGERAN Allahna.

⁷ Tuluy ngalahir ka Imam Abyatar bin Ahimelek, "Epod candak ka dieu." Epod ku Abyatar disanggakeun.

⁸ Geus kitu Daud tumaros ka PANGERAN, "Kumaha abdi teh, kedah nyusul eta rampog? Kumaha kinten-kintenna tiasa kaudag?" PANGERAN ngawaler, "Enya, pek udag, tangtu kasusul, sarta tawanan bisa karebut deui."

⁹ Daud sabaladna genep ratus urang geus bral. Barang nepi ka hiji Walungan Besor, baladna aya anu tinggal di dinya.

¹⁰ Daud kebatna ngan jeung opat ratus prajurit, anu dua ratus deui mah

naringgalkeun maneh, geus teu karuateun, teu untupan mareuntasan eta walungan.

¹¹ Di tengah jalan geus di luar kota, balad Daud manggihan hiji budak bangsa Mesir, seug dibawa ka Daud. Tuluy dibere dahar jeung nginum.

¹² sale buah kondang sababaraha guruntul jeung buah anggur kering dua ranggeuy. Sanggeus dadaharan budak teh jagjag deui, kawantu geus tilu poe tilu peuting henteu dahar henteu nginum.

¹³ Ku Daud dipariksa, "Ujang urang mana, saha dunungan?" Tembalna, "Abdi bangsa Mesir, badega urang Amalek. Tilu dinten anu kalangkung abdi ditaringgalkeun margi katarajang udur.

¹⁴ Aranjeunna tas ngarampog ka wewengkon Kreti pakidulan tanah Yuda sareng ka wewengkon kaom Kaleb, malah ngahuru kota Siklag."

¹⁵ "Daek mawa kami ka eta rampog?" Daud mariksa. Budak ngajawab, "Mangga. Nanging Juragan kedah jangji demi Allah moal maehan ka abdi, sareng moal mulangkeun abdi ka dunungan."

¹⁶ Ti dinya eta budak teh nganteur ka Daud. Ari rampog-rampog tea keur pabuyar ka mana-mana, nyaratu, ngarinum, sukan-sukan dumeh beubeunanganana ngarampog ti Pelisti jeung Yuda sakitu lobana.

¹⁷ Poe isukna wanci balebat ku Daud ditarajang, terus campuh nepi ka burit. Anu bisa molos tina eta panarajang ngan opat ratus urang, barudak ngora. Kalaburna tarumpak onta. Nu sejenna mah kabeh beak taya anu hirup deui.

¹⁸ Para tawanan kitu deui barang-barang anu dirampog ku eta balad rampog ti Amalek ku Daud karebut deui, kaasup garwana anu dua,

¹⁹ naon ge teu aya nu kurang. Barudak lalaki, barudak awewe, jeung barang-barang anu dijarah ku urang Amalek, kabeh beunang deui ku Daud.

²⁰ Kajaba ti eta anjeunna meunangkeun deui sakabeh domba jeung ingon-ingon. Eta sasatoan digiringkeun panghareupna ku jelema-jelema Daud, anu nyarebutkeun, "Ieu bagian Daud."

²¹ Geus kitu Daud mulih deui nepangan baladna anu dua ratus urang, anu naringgalkeun maneh di sisi Walungan Besor, lantaran geus teu karuateun tea. Maranehna marapagkeun ka Daud sabalandna, ku Daud ditarima ku budi manis.

²² Hanjakal ti anu ngariring ka Daud aya anu garoreng hate, seug ngaromong kieu, "Nu karitu mah tong dibarere naon-naon da teu milu hese cape. Anak pamajikanana bae bikeunan deui ka dinya, tuluy sina arindit."

²³ Tapi saur Daud, "Ulah kitu dulur-dulur, da ieu teh kurnia ti PANGERAN! Urang

ku Mantenna geus ditangtayungan, sarta dikersakeun bisa ngelehkeun eta rampog.

²⁴Eta pikiran dulur-dulur teh moal aya anu nyatujuan! Kabeh kudu dibere masing rata walatra. Anu narungguan barang-barang jeung anu arindit jurit bagianana kudu sarua.

²⁵Saterusna hal eta ku Daud didamel undang-undang. Sarta ti semet harita eta aturan teh dijalankeun di Israil.

²⁶Sasumpingna ka Siklag, barang-barang jarahan teh sabagian ku Daud dikintunkintunkeun ka para sahabatna, para pamingpin urang Yuda, amanatna, "Ieu hatur lumayan kangge saderek, kenging ngajarah ti musuh-musuh PANGERAN."

²⁷Dikintun-kintunkeunana ka urang Betel, ka urang Ramah di pakidulan tanah Yuda, jeung ka nu marangkuk di kota Yatir,

²⁸Arur, Sipmot, Estemoa,

²⁹ka Rakal, ka bani Yerahmel, ka urang Keni,

³⁰ka urang Horma, Bor Asan, Atak,

³¹jeung ka Hebron. Ka kabeh bae sakur anu wewengkonna kungsi dianggo nyiruruk ku anjeunna sabalad-balad.

31 ¹Urang Pelisti geus narajang merangan urang Israil di Gunung Gilboa. Urang Israil kadeseh, loba pisan anu kasambut. Anu harirup keneh, kaasup Saul jeung putrana tiluan kalabur.

²Tapi terus bae dibeledig ku urang Pelisti, kaudag terus dibabad. Putra-putra Saul,

Yonatan, Aminadab, jeung Malkisua, tiluanana parupus kasambut.

³ Perang beuki campuh beuki ragot sakuriling Saul. Saul tatu parna pisan, keuna ku jamparing-jamparing musuh.

⁴ Seug anjeunna nimbalan ka budak ngora tukang mawa pakarangna, "Cabut pedang maneh, tubleskeun ka kami, bisi urang Pelisti umat brahala teh aratoheun manten narenjo kaayaan kami tuluy ngarogahala." Tapi eta budak ngora teu wanieun, malah kacida sieuneunana. Ku sabab kitu Saul nyabut pedangna, bles nubleskeun anjeun kana eta pedang.

⁵ Nenjo Saul pupus, bles deui budak ngora teh nubleskeun maneh kana pedang, maot paragat nuturkeun Saul.

⁶ Jadi dina poe eta Saul, tilu putrana, jeung eta budak ngora jaradi mayit. Balad-balad Saul kabeh rarubuh.

⁷ Urang Israil anu di beh ditueun Lebak Yisrel jeung di wetaneun Walungan Yordan, barang ngadarenge yen wadya balad Israil geus kalabur, tur Saul sapala putra enggeus parupus kasambut, tuluy kalabur naringgalkeun padumukanana. Geus kitu brul urang Pelisti daratang ka dinya, ngandih eta tempat.

⁸ Poe isukna perang geus eureun. Urang Pelisti arindit ngarangsadan mayit-mayit.

Beh maranggihan layon Saul sapala putra
tingjaropak di Gunung Gilboa.

⁹ Mastaka Saul diteukteuk, pakarangna
dirangsadan, tuluy sina diider-ider ka
sakuliah Pelisti, sina kanyahoan ku arca-arca
sesembahanana, sina kagurnita ka rahayatna.

¹⁰ Pakarang Saul disimpen di kuil Dewi
Astoret, ari salirana dipatokkeun kana kuta
kota Bet San.

¹¹ Kadarengeeun ku urang Yabes anu araya
di Gilad yen layon Saul dikitukeun.

¹² Bral jalma-jalma anu garagah arindit
ka Bet San. Layon Saul jeung layon putra-
putrana diturunkéun tina tembok, dibarawa
mulang ka Yabes, tuluy diduruk di dinya.

¹³ Tulang-talengna dikumpulkeun seug
dipendem di handapeun hiji tangkal di jero
kota. Geus kitu urang dinya paruasa meunang
tujuh poe.

2 Samuel

1 ¹Sanggeus Saul pupus, Daud mulih ti pangperangan tas ngelehkeun urang Amalek, cicing di Siklag dua poe.

²Isukna, dina katilu poena, aya budak ngora ti pasanggrahan Saul, datang ka Daud terus nyuuh. Bajuna beunang nyosoeh jeung sirahna ditaneuhan nyirikeun keur prihatin.

³Ku Daud dipariksa, "Maneh anu ti mana?" Tembalna, "Juragan, abdi teh kabur ti pasanggrahan Israil!"

⁴Saur Daud, "Coba caritakeun kumaha perkarana?" Tembalna, "Balad Israil seueur anu kasambut, sesana kalabur. Raja Saul sareng Yonatan oge kasambut."

⁵Saur Daud, "Geuning maneh nyaho Saul jeung Yonatan kasambut, kumaha?"

⁶Tembalna, "Sumuhun, abdi keur kapareng ka Gunung Gilboa, katingal Saul nuju naleukeum kana tumbakna, diselempek ku pasukan kareta sareng ku pasukan kuda musuh.

⁷Anjeunna ngareret, abdi katingalieun seug disaur. Wangsul abdi, Nun, kaulan!

⁸Anjeunna mariksakeun abdi saha. Diwangsl yen abdi bangsa Amalek.

⁹Ti dinya saurna, Kami paehan! Pek, da geus euweuh harepan hirup, turug-turug tatu parna.

¹⁰Ku abdi ditumutkeun, da teu kitu ge tangtos anjeunna pupus. Harita ge parantos meh geubis. Makutana ku abdi dilaan, kitu deui kilat bahuna. Ieu kasanggakeun."

¹¹Wek Daud nyosoeh anggoanana, segruk nangis. Balad oge careurik.

¹²Kitu jeung kitu bae jeung henteu barang dahar nepi ka burit, nalangsa ku anu geus kasambut di pangperangan tur sakitu lobana: Saul, Yonatan, jeung bangsa Israil, umat PANGERAN.

¹³Geus kitu Daud mariksa deui ka eta budak ngora anu mawa seja, "Saenjana maneh urang mana?" Tembalna, "Urang Amalek, mung ngumbara di nagara Juragan."

¹⁴Saur Daud, "Teu sieun kasiku maneh ngabinasa raja lisahan PANGERAN?"

¹⁵Geus kitu anjeunna marentah ka hiji prajurit, saurna, "Paehan ieu jelema!" Bek eta urang Amalek teh dipaehan.

¹⁶Saur Daud, "Kalapa bijil ti cungap, ieu jelema cilaka ku biwirna sorangan, ngaku maehan raja lisahan PANGERAN."

¹⁷Geus kitu Daud ngagurit hiji lagu sedih pikeun nangisan Saul jeung Yonatan, putrana.

¹⁸Laguna diparentahkeun kudu diajarkeun ka urang Yuda. (Ieu lagu kaungel dina Kitab Yasar.)

19 "Di pasir-pasir di Israil, geus gugur para pamingpin! Para prajurit nu panggagahna perlaya ing dana laga!

20 Di Gat ulah diembar-embar, di Askelon ulah diuar-uar! Bisi awewe-awewe urang Pelisti barungah, bisi parawan-parawan umat brahala jaligrah.

21 Di Gilboa tanah-tanah pagunungan sina ngahgar ulah kacaklakan hujan, ulah nyorang kaibunan! Da di dinya ngahunyudna tameng-tameng jalma perkosa, hina papa leungit pangaji, tameng Saul ngagoler geus taya harti.

22 Gondewa Yonatan matak gimir matak ketir, pedang Saul taya kawatir. Nguwak-ngawik nempuh musuh, nu keuna pinasti rubuh.

23 Saul, Yonatan, paeh hirup babarengan, estu aheng, matak deudeuh matak heman. Rikat leuwih ti galudra, bedasna leuwih ti singa.

24 Para wanita Israil ka Saul masing tibelat, ka aranjeun geus makean ku lawon sakelat, geus maparin perhiasan emas permata.

25 Para prajurit nu gagah wani, enggeus naremahan pati. Satria Yonatan lastari di pasir sepi.

26 Deudeuh teuing Yonatan, dulur awaking! Kanyaah anjeun teu aya tanding. Kanyaah Akang ka Rayi, langkung ti batan ka istri.

²⁷ Para prajurit nu panggagahna perlaya ing dana laga, kari pakarangna, geus taya deui gunana."

2 ¹Sanggeus kitu Daud unjukan ka PANGERAN, "Kumaha abdi teh, naha kedah mios sareng nyangking salah sawios nagara Yuda?" PANGERAN ngawaler, "Enya!" Piunjuk Daud, "Kedah ka mana?" Waler PANGERAN, "Ka Hebron."

²Ti dinya Daud jengkar ka Hebron. Garwana, Ahinoam urang Yisrel jeung Abigail urut bojo Nabal ti Karmel dicandak,

³kitu deui balad-baladna saanak bojona, tuluy maratuh di Hebron.

⁴Burubul urang Yuda daratang ka Hebron, seug Daud ku maranehna dijenengkeun jadi raja di Yuda. Sanggeus Daud ngadangu warta yen anu ngurebkeun Saul teh urang Yabes di Gilad,

⁵anjeunna miwarangan utusan, amanatna, "Mugia maraneh ginanjar rahmat PANGERAN, geus ngurebkeun raja gusti maraneh, nembongkeun katresnan.

⁶Saterusna mugia PANGERAN kersa maparin ka maraneh sih panggalih-Na. Kami oge seja nembongkeun kahadean ka maraneh, ngabales kahadean maraneh kitu.

⁷Sing taleger galede hate! Saul raja maraneh geus teu aya, ari Kami geus dijenengkeun raja ku urang Yuda."

⁸Ari putra Saul anu jenengan Isboset, harita ku Abner bin Ner panglima perang Raja Saul geus dicandak meuntasan Walungan Yordan ka Mahanaim.

⁹Tuluy ku Abner dijenengkeun raja, nyangking wewengkon-wewengkon Gilad, Aser, Yisrel, Epraim, jeung Binyamin, cindekna sakuliah tanah Israil.

¹⁰Yuswa Isboset waktu dijenengkeun jadi raja Israil opat puluh taun. Ari ngarajaanana dua taun. Tapi kaom Yuda mah tetep satia ka Daud.

¹¹Daud ngarajaanana di Hebron marentah Yuda teh tujuh satengah taun.

¹²Hiji mangsa Abner angkat ti Mahanaim ka Gibon, bareng jeung ponggawa-ponggawa Isboset.

¹³Di hiji balong di Gibon amprok jeung Yoab putra ibu Seruya sabalandna, ponggawa-ponggawa Daud. Reg itu ieu kandeg tuluy naragog, itu beulah ditu, ieu beulah dieu.

¹⁴Saur Abner ka Yoab, "Barudak ngora ti dinya jeung barudak ngora ti dieu urang adukeun, sina tanding ngadu pakarang!" Waler Yoab, "Hayu!"

¹⁵Der diaradu, dua belas urang ti Isboset jeung kaom Binyamin, dua belas urang ti Daud.

¹⁶Hiji lawan hiji, silih tekuk punduk, silih kadek cangkeng, nepi ka kabeh dua puluh opat urangna rarubuh bareng paraeh. Anu

matak eta tempat di Gibon disebut "Helkat Hasurim" hartina: Medan Pedang.

¹⁷ Diaraduna diteruskeun ku campuh ragot. Abner jeung urang Israil kadeseh ku jalma-jalma ti Daud.

¹⁸ Ari putra ibu Seruya anu harita aya di dinya tiluanana, nya eta Yoab, Abisai, jeung Asahel. Ari Asahel bisa lumpat tarik kawas uncal,

¹⁹ ngudag ka Abner.

²⁰ Abner ngalieuk tuluy nyaur, "Silaing, Asahel?" Walon Asahel, "Heueuh!"

²¹ Saur Abner, "Montong ngudag ka kami! Itu bae udag prajurit, pek barangna cokotan." Tapi Asahel ngudag terus.

²² Saur Abner deui, "Ceuk kami eureun, eureun! Arek maksa ka kami, hayang dipaehan? Kumaha engke kami pikadugaeun padeuleu jeung Yoab dulur maneh?"

²³ Ku Asahel teu ditolih. Abner Malik, mapag ku congo tumbakna bari didorong, bles ambles kana beuteung Asahel mani parat kana tonggongna. Bluk Asahel ngudupung tuluy paragat di dinya keneh. Saban anu ngaliwat ngarandeg heula deukeut mayitna.

²⁴ Abner diudag ku Yoab jeung Abisai. Wanci surup panonpoe, anu ngarudag teh narepi ka pasir Amma wetaneun Gia di jalan anu brasna ka tanah gurun wewengkon Gibon.

²⁵ Jelema-jelema urang kaom Binyamin ngumpul deui jeung Abner, tuluy narangtung di puncak hiji pasir.

²⁶ Abner ceceluk ka Yoab, saurna, "Ieu teh arek terus bae merangan, moal eureun? Na teu kajudi pitemaheunana nya pait nya getir? Iraha rek dititah eureunna eta jelema-jelema teh, ulah haben bae ngudag-ngudag? Urang teh tunggal batur sanagara!"

²⁷ Waler Yoab, "Sumpahna ge demi Allah nu jumeneng, mun andika teu sasauran kitu, rek terus dibeledig nepi ka isuk!"

²⁸ Ti dinya Yoab niup tarompet, tangara narik baladna supaya ulah terus ngudagna ka urang Israil. Rep perang eureun.

²⁹ Abner sabalandna sapeutting eta terus ngajugjug ka Lebak Yordan. Ti dinya terus meuntasan Walungan Yordan. Poe isukna maju keneh, geus kitu sumping deui ka Mahanaim.

³⁰ Sanggeus henteu ngudag deui ka Abner, Yoab ngumpulkeun baladna. Aya salapan belas urang anu kasambut, jaba Asahel.

³¹ Jalma-jalma Abner anu kasambut aya tilu ratus genep puluh urang, kabeh ti kaom Binyamin.

³² Mayit Asahel ku Yoab dibawa ka Betlehem, dimakamkeun di makam kulawarga. Geus kitu Yoab sabalandna maju sapeuventing, wanci balebat narepi ka Hebron.

3¹ Saterusna perang antara golongan Saul jeung golongan Daud teh lila pisan. Tapi Daud ngadegna beuki weweg, sabalikna lawanna mah beuki hengker.

²Ieu putra-putra Daud anu dibabarkeun di Hebron, aya genep. Pareleanana nurutkeun tanggal wedalna: Amnon, putra ti Ahinoam urang Yisrel;

³Kilab, putra ti Abigail urut bojo Nabal ti Karmel; Absalom, putra ti Maaka, putri Raja Talmai ti Gesur;

⁴Adonia, putra ti Hagit; Sepaca, putra ti Abital;

⁵jeung Istream, putra ti Egla. Kabeh pameget, dibabarkeunana di Hebron.

⁶Sabot perang antara golongan Daud jeung golongan Saul, Abner beuki kawasa bae di golongan Saul.

⁷Dina hiji poe anjeunna digeunggeureuhkeun ku Isboset putra Saul, lantaran ngaranyed ka Rispa binti Aya, urut parekan Saul.

⁸Abner kasundut manahna, nyarekan ka Isboset, saurna, "Rek nyangka Bapa hianat ka Saul? Rek nyangka Bapa enyaan ngabantu ka Yuda teh? Malah ku tina ngingetkeun ka Saul suwargina rama hidep, Bapa teh bebelia ka saderek-saderekna, ka sobat-sobatna. Hidep pribadi ku Bapa sakitu dibelaanana kapan, henteu diselehkeun ka Daud. Ayeuna, kakara boga kasalahan sakitu jeung eta awewe, nepi ka digeunggeureuhkeun!"

⁹ (3: 9-10) Bisi teu uninga, Daud ku PANGERAN geus ditangtuukeun bakal nyandak ieu karajaan ti Saul saturunanana. Daud bakal jadi raja Yuda ongkoh, raja Israil ongkoh, raja sakuliah nagara ti tungtung nepi ka tungtung. Ayeuna da enggeus kieu, anggur rek sakalian ngabantu ngalaksanakeun hal eta! Lamun teu nepi ka kitu, kajeun dicabut nyawa ku Allah!"

¹⁰ (3: 9)

¹¹ Isboset kacida sieuneunana ku Abner, mani teu kecet-kecet.

¹² Ti dinya Abner ngirimkeun jelema ka Daud di Hebron. Titip saurna, "Nagara teh saha anu bade ngatur? Sae urang ngadamel perjangjian. Jisim abdi sumeja ngabantu nalukkeun Israil ka Sang Raja."

¹³ Waler Daud, "Satuju! Eta perjangjian urang ayakeun. Saratna: Upama engke anjeun datang nepungan kaula, Mikal binti Saul kudu dibawa."

¹⁴ Kajaba ti kitu Daud ngintunkeun utusan ka Isboset, titip saurna, "Mikal garwa kami, pulangkeun! Maskawinna, saratus siki kulit kulup urang Pelisti ku kami geus dibayar!"

¹⁵ Seug Mikal ku Isboset dicandak ti Paltiel bin Lais salakina.

¹⁶ Paltiel nuturkeun nepi ka kota Bahurim bari ceurik sajajalan. Sanggeus diparentah ku Abner, "Geura balik!" kakara balik.

¹⁷ Abner nepungan para pamingpin Israil, tuluy sasauran, "Ti bareto aranjeun harayang dirajaan ku Daud.

¹⁸ Ayeuna tangtu kalakon. Aranjeun tangtu aringet kana timbalan PANGERAN anu kieu, Kami arek make abdi Kami Daud ngaluputkeun umat Kami Israil ti urang Pelisti, jeung ti sakabeh musuhna."

¹⁹ Ka urang Binyamin oge Abner nyaurkeun saperti kitu. Ti dinya anjeunna tuluy ka Hebron rek ngunjukkeun ka Daud yen urang Binyamin jeung urang Israil geus daek ngiringan.

²⁰ Sasumpingna ka Hebron jeung dua puluh urang pangiringna, Abner ku Daud dipestakeun.

²¹ Abner unjukan, "Jisim abdi amit, bade ihtiari supados sabangsa Israil sumujud ka Gusti. Tangtos hasil, tangtos daraekeun dirajaan ku Gusti. Cita-cita Gusti bakal kahontal, lajeng ngarajaan sakuliah nagara." Ku Daud dijurung jeung ditanggel kasalametanana.

²² Geus kitu Yoab sabalandna sumping tas ngarurug, nyandak jarahan loba pisan. Ari Abner geus undur ti Hebron, geus dijurung ku Daud tur ditanggel kasalametanana.

²³ Sanggeus Yoab sabalandna sumping, aya anu ngabejaan yen Abner tas ngadeuheusan Raja Daud, jeung geus dijurung deui kalawan ditanggel kasalametanana.

²⁴ Yoab ngadeuheus ka raja, sarta miunjuk, "Kumaha tindakan Gusti teh? Abner dongkap ngadeuheus ka Gusti. Ku naon disina wangsul kitu bae?"

²⁵ Gusti tangtos uninga, ka dieuna aya maksad awon, bade ngintip Gusti damel naon, sok angkat ka mana."

²⁶ Undur ti Daud, Yoab marentah nyusul Abner. Abner kasusul di sumur Sira, tuluy dibawa ka Yoab. Daud teu uningaeun.

²⁷ Sanggeus aya di Hebron deui Abner ku Yoab diajak nyalingker ka gigireun panto gapura, pura-pura rek dibawa harewos. Bles beuteungna ditubles ku Yoab, naur pati Asahel rayina.

²⁸ Barang Daud ngadangu wartana, anjeunna sasauran nyalira, "PANGERAN uninga, Abner maotna lain ku kami, lain kahayang raja.

²⁹ Babalesna sing malik ka Yoab sakulawarga! Ti unggal turunan Yoab sing aya anu katerap ku kasakit bengang, atawa ku lepra, atawa sing hengker kawas awewe, atawa sing kasambut perang, atawa sing kurang hakan!"

³⁰ Kitu jalanna Yoab jeung Abisai ngabales ka Abner anu geus maehan Asahel saderekna basa tarung di Gibon.

³¹ Ti dinya Daud marentah sangkan Yoab saanak buahna nyosoeh pakeanana jeung kudu dibaraju karung, nandakeun prihatin ku maotna Abner. Waktu Abner dimakamkeun,

Raja Daud ku anjeun ngiring jajap, angkat tukangeun peti mati.

³² Abner dimakamkeun di Hebron. Raja nangis di makam mani ngagukguk, kabeh anu keur di makam careurik.

³³ Daud mudalkeun katineungna ka Abner, saurna, "Na Abner teh maotna kawas nu taya kabisa?

³⁴ Pan leungeunna teu ditalian, sukuna teu dibangbaluhan, maotna teh lir jalma anu nyieun kajahatan!" Geus kitu jalma-jalma teh careurik deui nyeungceurikan Abner.

³⁵ Sapoe eta Daud henteu kersa tuang, dikeukeuhan ge ku abdi-abdina teu kersaeun bae. Malah saurna, "Lamun memeh surup panonpoe kami geus barang dahar, masing dicabut nyawa ku Allah!"

³⁶ Sanggeus tetela kitu, tungtungna dianggap memang kitu pihadeeunana. Tetela sagala peta anjeunna matak senang ka rahayat.

³⁷ Jalma-jalma boh golongan Daud boh golongan Israil jadi yakin, yen maotna Abner lain ku anjeunna.

³⁸ Daud ngandika ka para gegeden, "Bisi teu aruninga, anu hilang poe ieu teh hiji pamingpin Israil anu agung!

³⁹ Cacakan kami ku Allah geus dijenengkeun raja, mani ngarasa sakieu leuleusna. Eta anak-anak Seruya teh ceuk kami mah kacida

telengesna. Kajahatanana mugia dibales ku PANGERAN."

4 ¹Barang Isboset putra Saul ngadangu warta Abner dipaehan di Hebron, leketey leuleus, kacida sieuneunana, sarta bangsa Israil pating sareblak.

²Isboset kagungan dua kapala pasukan, ngaranna Baana jeung Rekab, duanana anak Rimon urang Berot kaom Binyamin. (Berot oge diasupkeun ka wewengkon Binyamin.

³Ari urang dinyana pituin ti harita tuluy parindah ka Gitaim, urut maranehna bareto.)

⁴Turunan Saul aya deui, nya eta Mepiboset putra Yonatan. Basa Saul jeung Yonatan tiwas, yuswa Mepiboset kakara lima taun. Barang aya seja ti Yisrel yen Saul jeung Yonatan geus kasambut, Mepiboset ku embanna gancang dibawa kabur. Ku sabab kaburna rusuh, murangkalih teh ngagebut tina aisan, tulunya jadi gempor.

⁵Dina hiji poe Rekab jeung Baana arindit ka bumi Isboset, tengah poe narepi. Isboset keur di pajuaran, keur kulem siang.

⁶Ari embanna keur milihan gandum di lawang panto, tuluy nundutan sarta reup bae kaheesan. Bus Rekab jeung Baana arasup ka jero bumi.

⁷Geus di jarero, blus ka kamar pajuaran. Isboset anu eukeur kulem tibra pisan teh ditelasan, mastakana diteukteuk tuluy

dijingjing, sapeupeuting dibawa nyorang Lebak Yordan.

⁸Eta mastaka disanggakeun ka Raja Daud di Hebron, sarta kieu piunjuk eta dua jelema, "Ieu nyanggakeun sirah Isboset anak Saul musuh Gusti, anu ngarah pati ka Gusti. Dinten ieu Jeng Raja dikersakeun ku PANGERAN iasa males pati ka Saul sareng turunanana."

⁹Waler Daud, "Demi jumenenging PANGERAN anu geus ngarahayukeun kami tina rupa-rupa bahla!

¹⁰Basa kami di Siklag dibere beja yen Saul pupus, anu mawa bejana ku kami dipaehan. Samarukna arek diganjar ku kami dumeh ceuk pangrasana mawa beja matak ngeunah.

¹¹Komo deui maraneh, anu jahat leuwih ti kitu, maehan jelema tanpa karana, tur dipaehanana teh eukeur sare di imahna sorangan! Kajahatan maraneh maehan Isboset tan wande ku kami dibales, sarta ngaran maraneh ku kami dipupus ti alam dunya!"

¹²Ti dinya Daud nimbalan prajurit, bek bae Baana jeung Rekab dipaehan. Leungeunna jeung sukuna diteukteukan tuluy digantungkeun deukeut hiji balong di Hebron. Ari mastaka Isboset dipendem dihijiikeun ka makam Abner di Hebron.

5¹Geus kitu sakabeh kaom Israil daratang ka Daud di Hebron sarta arunjukan

kieu, "Abdi sadaya sareng Gusti teh tunggal sadaging sagetih.

²Kapungkur nalika abdi sadaya dirajaan keneh ku Saul, Gusti parantos ngapalaan abdi sadaya dina pangperangan. Kawuwuh-wuwuh PANGERAN parantos nangtoskeun yen Gusti bakal jadi pamingpin sareng raja umat Mantenna."

³Sakabeh pamingpin Israil daratang ka Raja Daud di Hebron, sarta anjeunna ngayakeun perjangjian jeung maranehna kalayan PANGERAN saksina. Seug anjeunna ku maranehna dilisahan dijenengkeun raja nyangking Israil.

⁴Waktu anjeunna diangkat jadi raja, yuswana tilu puluh taun, sarta ngarajaanana opat puluh taun.

⁵Waktu ngarajaan nagara Yuda wungkul, lilana tujuh satengah taun, calikna di Hebron. Tuluy ngalih ka Yerusalem, ngarajaan sakuliah Israil jeung Yuda, meunang tilu puluh tilu taun.

⁶Cunduk waktu, Daud sabalandna budal seja merangan Yerusalem. Tapi ceuk angkeuhan pribumina, nya eta urang Yebus, pamohalan Daud bisa ngarebut eta kota. Nu matak ceuk maranehna ka Daud, "Pamohalan maneh bisa asup! Ku nu lolong jeung ku nu gempor ge maneh tangtu mundur."

⁷ (Tapi Daud iasa ngarebut benteng-benteng maranehna di Sion, anu saterusna kamashur disebut "Kota Daud.")

⁸ Saur Daud harita ka baladna, "Cik, aya di dieu anu ijid ka urang Yebus kawas kami? Kacida ijidna nepi ka hayang maehan maranehna? Jig ka ditu nanjak mapay torowongan cai, tarajang eta jelema-jelema anu palengkor jeung lalolong pikaijideun teh." (Nu matak terus aya basa, "Nu lolong jeung pengkor teu meunang asup ka panglinggihan PANGERAN.")

⁹ Eta benteng beunang karebut ku Daud jeung terus dilinggihan, sarta dilandi ngaranna jadi "Kota Daud". Kotana diadegkeunana sakurilingeun eta benteng, mimiti ti hiji tempat beunang ngurug sina luhur, wetaneun pasir tea.

¹⁰ Beuki lila Daud beuki nanjung, sabab diaping ku GUSTI Allah, Allah Nu Maha Kawasa.

¹¹ Geus kitu Raja Hiram ti nagara Tirus ngintun utusan dagang ka Daud. Ngintunan balok-balok oge kai kiputri golondongan, sakalian jeung tukang-tukang kai katut tukang-tukang tembokna, sina mangadegkeun karaton.

¹² Ku sabab kitu ku Daud kahartos yen anjeunna ku PANGERAN geus diteguhkeun jadi raja nyangking Israil, sarta karajaanana

ku Mantenna dibeungharkeun pikeun kabagjaan umat-Na.

¹³Sanggeus ngalih ti Hebron ka Yerusalem, Daud tambih garwa jeung parekan, putra-putrana oge rea istri pameget.

¹⁴Ieu putra-putrana anu dibabarkeunana di Yerusalem: Samua, Sobab, Natan, Suleman,

¹⁵Yibhar, Elisua, Nepeg, Yapia,

¹⁶Elisama, Elyada jeung Elipelet.

¹⁷Urang Pelisti mareunang beja yen Daud geus jadi raja nyangking Israil. Tuluy mepek balad rek nangkep anjeunna. Sanggeus Daud ngadangu warta, anjeunna lungsur ka benteng.

¹⁸Urang Pelisti geus narepi ka Lebak Repaim sarta nyaricingan eta lebak.

¹⁹Daud unjukan ka PANGERAN, "Kumaha eta urang Pelisti teh kedah dilawan? Kumaha abdi bakal unggul?" Waler PANGERAN, "Pek perangan, ku Kami rek diselehkeun ka maneh."

²⁰Ti dinya Daud angkat ka Baal Perasim, seug eta urang Pelisti teh ku anjeunna dielehkeun di dinya. Pok anjeunna ngalahir, "PANGERAN geus ngabedahkeun musuh kami, lir caah ngabedah sagala rupa." Eta sababna eta tempat teh ku anjeunna dingaranan Baal Perasim.

²¹Waktu urang Pelisti kalabur, brahala-brahalana kataringgaleun, ku Daud jeung sabalandna diparulungan.

²²Tapi urang Pelisti murubul deui, nyicingan deui Lebak Repaim.

²³Daud unjukan deui ka PANGERAN. Ari walerana-Na, "Narajangna ulah ti beulah dieu, tarajang ti tukangeunana ti lebah gumplukan tangkal-tangkal baka.

²⁴Lamun geus aya sora pabuis di pucuk-pucuk tangkal baka maneh kudu gancang narajang, sabab Kami bakal maju ti heula ngelehhkeun balad Pelisti."

²⁵Sakumaha timbalan PANGERAN ku Daud dilampahkeun, sarta anjeunna hasil iasa ngusir balad Pelisti ti semet Geba nepi ka Geser.

6¹Daud mepek deui balad, prajurit-prajurit beunang meting ti Israil, aya 30.000 jelema.

²Tuluy dicandak ka Baala Yuda, rek nyandak Peti Perjangjian Allah paranti nyambat jenengan PANGERAN Nu Maha Kawasa, anu linggih saluhureun mukarabin.

³Peti teh diangkat ti imah Abinadab di luhur pasir, dimuatkeun kana padati weuteuh, dikawal ku Usa jeung Ahio, anak-anak Abinadab.

⁴Ahio leumpangna heulaeun Peti.

⁵Sapanjang jalan Daud jeung urang Israil kakawihan bari igel-igelan, tanda ngagungkeun ka PANGERAN, dipirig ku sora kacapi, gambus, terebang, kenong jeung kecrek.

⁶Barang daratang ka tempat ngirik bogana Nakon, sapi anu narik padati teh labuh ngarampeol. Petina ku Usa gancang disangga ku leungeunna.

⁷Tapi GUSTI Allah jadi wera ka Usa dumeh gagabah henteu hormat. Usa maot di dinya keneh gigireun Peti Perjangjian.

⁸Nu matak ti harita eta tempat dingaranan Peres Usa. Daud ngangres manahna ningali Allah sakitu benduna ka Usa.

⁹Sarta Daud jadi sieuneun ku PANGERAN, nya ur sajeroning manah, "Ari kieu mah kumaha rek datangna ka aing ieu Peti Perjangjian teh?"

¹⁰Geus kitu anjeunna gilig, Peti teh moal tulus dicandak ka Yerusalem. Ku anjeunna disimpangkeun ka imah Obed Edom, asli urang Gat.

¹¹Meunang tilu bulan ayana di dinya. Sajeroning kitu Obed Edom saeusimahna meunang berkah ti PANGERAN.

¹²Aya anu nguninga ka Daud, yen sanggeus Obed Edom kacicingan ku Peti Perjangjian Allah saeusimahna jadi meunang berkah ti PANGERAN. Seug Peti teh ku anjeunna dicandak ti imah Obed Edom, dicandak ka Yerusalem bari dirame-rame.

¹³Sanggeus digotongna meunang genep lengkah ku Daud dieureunkeun heula, sarta anjeunna meuncit sapi jalu hiji jeung anak sapi kabiri hiji, dikurbankeun ka PANGERAN.

¹⁴ Geus kitu Daud ngigel kacida sumangetna, ngahormat ka Pangeran. Harita anjeunna ngan nganggo sarung pondok tina lenen, dibeulitkeun dina angkengna.

¹⁵ Kitu cara anjeunna jeung sabangsa Israil nyandak eta Peti Perjangjian ka Yerusalem, bari salusurakan dibarung ku sora tarompet.

¹⁶ Sanggeus eta Peti dibawa asup ka jero kota, Mikal binti Saul nempo tina jandela. Katingalieun Raja Daud keur igel-igelan ajrug-ajrugen kakalayangan kukurilingan. Mikal jadi cuu manahna.

¹⁷ Sup Peti teh dipernahkeun di jero hiji kemah beunang Daud ngahaja nyayagikeun pikeun eta kaperluan. Ti dinya anjeunna nyanggakeun kurban beuleuman jeung kurban panarima ka PANGERAN.

¹⁸ Sabada ngahaturkeun kurban-kurban, Daud ngucapkeun berkah kalawan nyebat pajenengan PANGERAN Nu Maha Kawasa.

¹⁹ Ti dinya jelema-jelema urang Israil teh, lalaki awewe dibaragi kadaharan. Unggal jelema roti sasaki, panggang daging sakeureut jeung kismis sababaraha guruntul. Geus kitu jelema-jelema teh baralik.

²⁰ Daud oge mulih ka bumi seja mendakan putra garwa. Mikal kaluar mapagkeun bari sasauran kieu, "Dinten ieu raja Israil parantos ngamashurkeun salira ku anjeun! Anjeunna parantos ditaranjang sapertos nu owah, teu

aya kalingsem di hareupeun emban-emban para ponggawa karaton!"

²¹ Daud ngawaler, "Igel-igelan soteh tanda ngagungkeun ka PANGERAN, anu geus ngersakeun Engkang ngagentos tuang rama sapala putra, jadi raja nyangking Israil. Ari tujuanana ngagungkeun PANGERAN mah daek bae masing kudu ajrug-ajrugar terus oge,

²² jeung moal era-era ngapeskeun maneh leuwih ti kitu. Ceuk Nyai nista soteh, ari ceuk anggapan emban-emban mah malah mulya."

²³ Nepi ka pupusna ge Mikal binti Saul mah teu kagungan putra.

7 ¹Raja Daud calikna geus di karaton. Ku PANGERAN diraksa diaping ti sakabeh musuh.

²Anjeunna ngalahir ka Nabi Natan, "Tingali, kaula parantos cicing di karaton tina kai kiputri, ari Peti Perjangjian PANGERAN ngan di jero kemah."

³Saur Nabi Natan, "Atuh mangga pidamel kumaha kersa, da putra teh disareangan ku PANGERAN."

⁴Tapi dina peutingna PANGERAN nimbalan ka Nabi Natan, dawuhana-Na,

⁵"Bejakeun ieu pangandika ka Daud abdi Kami, kieu, Lain maneh jelemana anu kudu mangnyieunkeun gedong pikeun Kami teh.

⁶Kapan Kami teh, ti barang ngajait umat Kami Israil ti Mesir oge, nepi ka kiwari cicing

teh lain di gedong! Salila apruk-apruk
cicing teh di kemah.

⁷ Jeung sapanjang reureujeungan jeung
urang Israil, ka para pamingpinna anu
beunang Kami ngangkat, Kami teu menta
dipangnyieunkeun gedong tina kai kiputri.

⁸ Mana pangbejakeun ku maneh ka abdi
Kami Daud, kieu kituh timbalan Kami,
PANGERAN Nu Maha Kawasa, Maneh teh
dipulung ku Kami ti tegal, tina asal tukang
ngajaga domba diangkat jadi raja nyangking
umat Kami Israil.

⁹ Indit ka ditu indit ka dieu, maneh ku
Kami diaping-aping. Unggal maneh indit
perang, musuh maneh ku Kami dielehkeun.
Maneh ku Kami rek dijieun kamashur cara
jelema-jelema anu kasohor di dunya.

¹⁰ (7:10-11) Sarta umat Kami Israil ku Kami
geus disadiakeun tempat, geus mararatuh di
dinya jeung moal aya anu neungteuinganan
deui. Enggeus sering maranehna ditarajang
ku bangsa-bangsa anu barengis, ti saprak
arasup ka ieu tanah. Tapi ti semet ayeuna
mah moal deui. Kami jangji, maneh rek
dijamugakeun, diraksa ti sakabeh musuh,
jeung dibere turunan.

¹¹ (7:10)

¹² Di mana maneh mulang ti dunya ngahiji
jeung karuhun, aya anak maneh saurang anu
ku Kami rek dijieun raja, sarta karajaanana
rek dikersakeun nanjung.

¹³Nya anak maneh anu eta, anu bakal mangnyieunkeun gedong pikeun Kami teh, sarta turunanana moal aya kandegna, terus ngadeg moal pegat-pegat.

¹⁴Ari Kami pijadieun Ramana, ari manehna bakal jadi putra Kami. Lamun manehna kapareng nyieun lampah salah tan wande ku Kami dihukum, sakumaha anak dipeperih ku bapana.

¹⁵Parandene kitu pangdeudeul mah ti Kami moal aya eureunna, moal dipegatkeun cara ka Saul anu ku Kami geus digulingkeun, supaya maneh jadi raja gantina.

¹⁶Turunan maneh moal aya pegatna, karajaan maneh bakal langgeng. Ti turunan maneh salawasna bakal aya anu jadi raja."

¹⁷Eta pangandika PANGERAN ku Nabi Natan diwartoskeun ka Daud.

¹⁸Ti dinya Raja Daud lebet ka Kemah PANGERAN, brek mando tuluy neneda, "Nun PANGERAN Nu Maha Agung, sayaktosna abdi saeusi rorompok henteu layak nampi sugri pangasih Gusti.

¹⁹Kari-kari ku Gusti bade dipidamel langkung ti kitu, nun PANGERAN Nu Maha Agung; Gusti parantos maparin jangji hal turunan abdi dina mangsa nu baris dongkap. Tur hal ieu teh ku Gusti parantos ditembongkeun ka abdi, hiji manusia, nun PANGERAN Nu Maha Agung!

²⁰Naon deui atuh anu ku abdi tiasa disanggemkeun ka Gusti? Gusti uninga kana sagala kaayaan abdi.

²¹Eta sagala perkawis anu aragung, anu parantos diuningakeun ti payun ka diri abdi, estu parantos kitu pangersa sareng tujuan Gusti.

²²Gusti teh estu agung, nun PANGERAN Nu Maha Agung! Teu aya sasami-Na! Ti kapungkur keneh abdi sadaya terang, mung Gusti anu jumeneng Allah.

²³Di dunya teu aya bangsa anu sapertos bangsa Israil, anu ku Gusti dijait tina harkat badega batur lajeng diangkat jadi umat kagungan. Sugri padamelan Gusti anu sakitu araheng sareng aragungna, parantos kagurnita ka saalam dunya. Ti wangkid dijait ti Mesir sareng dijadikeun umat kagungan Gusti, ana maranehna maju, bangsa-bangsa sanes katut allah-allahna ku Gusti disina nyalingkir.

²⁴Urang Israil ku Gusti didamel jadi milik kagungan Gusti salalanggengna, sareng nya Gusti, nun PANGERAN, anu jumeneng Allah maranehna.

²⁵Dupi ayeuna, nun GUSTI Allah, sugri jangji Gusti perkawis diri abdi sareng turunan, kitu deui sugri perkawis anu parantos diandikakeun tea, mugi-mugi diyaktoskeun.

²⁶Kalayan pajenengan Gusti mugi pada ngagungkeun sareng teu petot-petot

disarebat ku jalmi-jalmi, PANGERAN Nu Maha Kawasa jumeneng Allah di Israil! Sareng mugi Gusti kersa ngalanggengkeun karajaan turunan abdi.

²⁷ Nun PANGERAN Nu Maha Kawasa, Allah Israil, abdi kumawantun ngunjukkeun ieu panuhun ka payuneun Gusti, reh eta sugri perkawis ku Gusti parantos diwartoskeun ka abdi, gandek Gusti, sareng ku Gusti parantos ditimballeun yen turunan abdi bakal jarumeneng raja.

²⁸ Saleresna pisan Gusti teh Allah, nun PANGERAN Nu Maha Agung! Gusti tangtos moal udar jangji. Pangandika Gusti sipat satuhu. Gusti parantos ngajangjikeun eta sagala perkawis ka diri abdi.

²⁹ Mugi berkah turunan abdi, sing tetep tumetep aya dina aub sih kurnia Gusti. Nun PANGERAN Nu Maha Agung, Gusti parantos jangji kitu, abdi percanten rahmat berkah Gusti moal pegat-pegat ka turunan abdi salalanggenga."

8¹ Hiji mangsa Raja Daud merangan deui urang Pelisti, sarta ku anjeunna ditalukkeun, nepi ka eta bangsa teu bisaeun deui sakama-kama ka tanah Israil.

² Geus kitu anjeunna nalukkeun urang Moab. Jelema-jelemana dibaroyong jeung dipanjara, sina ngararingkuk dina taneuh, sarta saban-saban ti tilu urang, anu dua dipaehan. Satulunya urang Moab jadi bangsa

patalukan anjeunna, diwajibkeun mayar upeti.

³Sanggeus eta anjeunna ngelehkeun Raja Hadad Eser bin Rehob ti Soba, hiji nagara ti tanah Siria, waktu eta raja keur di satengahing jalan rek nanjurkeun deui kakawasaanana di wewengkon Walungan Eprat girang.

⁴Baladna anu beunang ku Daud sarebu tujuh ratus anu tarumpak kuda, jeung dua puluh rebu serdadu leumpang. Ari kudana ku anjeunna dirampas sacukupna keur narik saratus kareta perang, sesana kabeh dicacadan.

⁵Urang Siria ti Damsik ngirimkeun bala bantuan arek nulungan ka Raja Hadad Eser. Tapi eta oge dielehkeun, sarta baladna anu tiwas kasambut ku anjeunna aya dua puluh dua rebu urang.

⁶Daud nempatkeun pakemahan-pakemahan militer di wewengkon maranehna, sarta maranehna jadi patalukan anjeunna, dikeunaan upeti. Di mana-mana Daud ku PANGERAN dikersakeun unggul bae.

⁷Daud ngarampas kepeng-kepeng emas anu diparake ku para gegeden Hadad Eser, dicandak ka Yerusalem.

⁸Ti Betah jeung ti Berotai, dua nagara anu dirajaan ku Raja Hadad Eser, anjeunna nyandak parunggu loba pisan.

⁹Perkara elehna Hadad Eser sabaladna, kadangu ku Raja Toi ti Hamat.

¹⁰Eta raja tuluy ngutus Yoram putrana ngintun salam ka Daud, ngawilujengkeun ka anjeunna geus iasa ngelehkeun Hadad Eser, sabab Hadad Eser sering pisan merangan ka anjeunna. Sajaba ti kitu Yoram nyanggakeun barang tina emas, perak jeung parunggu.

¹¹Eta barang-barang ku Daud disucikeun pikeun paranti babakti ka PANGERAN, dihijikeun jeung emas perak kengingna ngajabel ti bangsa-bangsa anu dielehkeun ku anjeunna, nya eta ti:

¹²Edom, Moab, Amon, Pelisti, jeung Amalek. Barang-barang anu dirampas ti Hadad Eser oge dihijikeun jeung eta.

¹³Sanggeus ngelehkeun urang Edom di Lebak Uyah nepi ka dalapan belas rebu balad Edom anu tiwas, Daud beuki kamashur bae.

¹⁴Di sakuliah tanah Edom anjeunna nempatkeun pakemahan-pakemahan militer. Urang Edom jadi patalukan anjeunna. Di mana-mana Daud ku PANGERAN dikersakeun unggul.

¹⁵Daud ngereh sakuliah tanah Israil, sarta anjeunna kacida ngajagina supaya iasa adil palamarta ka rahayat.

¹⁶Ari panglima perangna Yoab putra ibu Seruya. Papatihna Yosapat bin Ahilud.

¹⁷Imamna Sadok bin Ahitub jeung Ahimelek bin Abyatar. Paniterana Seraya.

¹⁸Kapetenganana Benaya bin Yoyada.

Putra-putra Daud jaradi imam.

9 ¹Dina hiji poe Daud mariksa, "Kumaha aya keneh kulawargi Saul anu hirup?

Lamun aya, kami arek mikaheman, sabab kami inget ka Yonatan."

²Aya hiji jelema urut gandek kulawargi Saul ngaranna Siba. Tuluy dititah ngadeuheus ka Daud. Ku raja dipariksa, "Maneh teh Siba?" Wangsulna, "Leres, Gusti."

³Raja mariksa deui, "Kumaha ari kulawarga Saul aya keneh anu hirup? Lamun aya, kami arek nembongkeun kahemanan, nedunan jangji kami ka Allah." Piunjuk Siba, "Sumuhun aya, putrana Yonatan saurang, gempor sampeanana."

⁴"Di mana?" lahir raja. Wangsul Siba, "Sumuhun, di rorompok Makir bin Amiel di Lodebar."

⁵Ku Raja Daud dipiwarang disaur.

⁶Mepiboset bin Yonatan putu Saul geus aya di payuneun Daud, geus rengkuh nyanggakeun hormat. Daud ngalahir, "Mepiboset!" Jawabna, "Leres, Gusti."

⁷Saur Daud, "Ulah reuwas-reuwas. Kami hayang mikaheman ka hidep, inget ka ama hidep, Yonatan. Tanah Saul eyang hidep salegana top ajang hidep. Jeung lamun hidep suka, iraha bae ge meunang ngariung dahar jeung kami."

⁸Mepiboset ngawangsul, "Beu Gusti, ku naon sakitu totomplokanana, padahal abdi teh teu benten ti anjing budug."

⁹Ti dinya raja nyaur Siba, gandek Saul, timbalanana, "Sagala rupa harta banda Saul sakulawarga, ku kami rek diselehkeun ka Mepiboset, incu gusti maneh.

¹⁰Eta tanah ahli-ahli Saul gusti maneh teh uruskeun ku maneh saanak-anak jeung badega-badega, panguruskeun panenna, supaya mareunang rejeki ti dinya. Mepiboset pribadi baris jadi tamu kami salalawasna, dahar sameja jeung kami." (Ari Siba boga anak lalaki lima belas jeung badega dua puluh urang.)

¹¹Siba ngawangsul, "Satimbalan Gusti sumeja diestokeun pisan." Ti harita Mepiboset daharna dicandak sameja jeung raja, disaruakeun jeung putra-putra raja.

¹²Mepiboset boga budak lalaki hiji, ngaranna Mika. Siba sakulawarga jaradi gandek Mepiboset.

¹³Mepiboset anu sukuna duanana deog matuh di Yerusalem, daharna katuangan raja.

10¹Dina hiji mangsa, raja nagara Amon anu jenengan Nahas pupus, tuluy diganti ku Hanun, putrana.

²Saur Raja Daud, "Kami rek nembongkeun kahadean ka Hanun, sabab Raja Yahas, ramana, hade ka kami." Ti dinya anjeunna ngintun sawatara utusan ka Hanun

nawiskeun ngiring sungkawa. Sanggeus eta utusan-utusan daratang ka Amon,

³para pamingpin Amon arunjukan ka rajana, "Naha leres Daud ngintun utusan teh tawis hormatna ka suwargi tuang rama? Sanes! Eta utusan dipiwarang ngincer nagara urang supados gampil ditempuhna."

⁴Para utusan ku Hanun ditangkep, janggotna dikurudan sabeulah-sabeulah, pakeanana diguntingan lebah biritna, tuluy disina baralik.

⁵Kacida areraeunana eta para utusan teh, nepi ka teu waranieun balik. Kadangueun ku Daud, seug ku anjeunna dipiwarang narunggu heula di Yeriho, ngadarago janggotna jaradi deui.

⁶Urang Amon geus boga rasa bakal ditempuh ku Daud. Tuluy nyewa prajurit-prajurit bangsa Siria, ti Bet Rehob jeung Soba 20.000 prajurit, ti Tob 12.000 prajurit, ti raja Maaka 1.000 prajurit.

⁷Daud geus uningaeun, gancang nimbalan Yoab sina ngetrukkeun saayana balad.

⁸Urang Amon geus tata baris di lawang kota Raba, ibu kota Amon. Balad sewaan ti Siria, ti Tob jeung ti Maaka diteundeun di pasision.

⁹Kajudi ku Yoab yen baladna rek digencet ti hareup jeung ti tukang. Ganjang anjeunna meting prajurit-prajurit Israil, disanghareupkeun ka urang Siria.

¹⁰Sesana dipercayakeun ka Abisai, rayina, disanghareupkeun ka urang Amon.

¹¹ Saur Yoab ka rayina, "Upama Akang kadeseh ku urang Siria, Rayi geuwat ngabantu. Upama Rayi kadeseh ku urang Amon, ku Akang dibantu.

¹² Sing teger, sing teteg. Hayu urang tarung ngabela bangsa jeung nagara Allah urang, bari tawekal narima pangersa PANGERAN."

¹³ Balad Yoab geus maju narajang, balad Siria kalabur.

¹⁴ Kanyahoan ku urang Amon yen urang Siria kalabur, urang Amon oge kalabur ti hareupeun Abisai, arasup deui ka jero kota. Sanggeus urang Amon mundur, Yoab mulang ka Yerusalem.

¹⁵ Sangeus urang Siria ngarasa teter ku urang Israil, tuluy ngumpulkeun deui pasukan-pasukan.

¹⁶ Urang Siria anu caricing di wetaneun Walungan Eprat oge ku Hadad Eser didatangkeun, geus aya di Helam. Eta balad dipingpin ku Sobak, panglima perang Hadad Eser.

¹⁷ Daud geus uningaeun tuluy mepek balad, ti dinya meuntasan Walungan Yordan, muru ka balad Siria di Helam anu geus taki-taki. Der perang.

¹⁸ Balad Siria kadeseh ku balad Israil sarta loba pisan anu kasambut, 700 urang ti pasukan kareta jeung 40.000 urang ti pasukan kudana. Malah Sobak, panglima perang musuh oge tiwas.

¹⁹Sanggeus raja-raja anu kaereh ku Raja Hadad Eser ngarasa kasoran, seug marenta taluk ka urang Israil sarta jadi kaereh ku urang Israil. Ti dinya urang Siria jadi kapok ngabantu ka urang Amon.

1 1 ¹Dina musim semi, geus biasa raja-raja sok maraju perang. Dina musim semi taun eta Daud nimbalan ka Yoab jeung para perwirana sina mawa balad merangan urang Amon. Urang Amon kadeseh mundur ka kota Raba, tuluy eta kota ku Yoab ditingker. Daud mah linggih-linggih di karaton Yerusalem.

²Dina hiji poe wanci asar, gugah leleson Daud unggah ka loteng karaton. Sabot angkat-angkatan di loteng bet ningali awewe keur mandi geulis pisan.

³Manahna panasaran hoyong uninga eta awewe teh saha, seug miwarang nyerepkeun. Eta awewe teh Batseba binti Eliam, bojona Uria urang Het.

⁴Ku Daud dipiwarang disaur. Sanggeus dideuheuskeun ku Daud dicandak ebog. (Harita Batseba teh kakara beresih tas kereseban.) Sanggeus diebogan dipiwarang balik.

⁵Lila ti lila Batseba ngandeg, tuluy ngirim warta ka Daud.

⁶Daud ngintun surat ka Yoab, eusina, "Uria urang Het sina ngadeuheus ka kami." Uria dijurungkeun ku Yoab.

⁷ Sanggeus ngadeuheus, Uria ku Daud dipariksa saurna kumaha Yoab jeung balad salamet, jeung kumaha bejana perang teh.

⁸ Geus kitu timbalanana ka Uria, "Jig geura balik, reureuh di imah." Uria amit mundur. Ku Daud disusul ku kikintunan ka imahna.

⁹ Tapi Uria teh henteu terus ka imahna, anggur mondok di lawang gapura karaton ngahiji jeung para pangawal raja.

¹⁰ Kauninga ku Daud yen Uria henteu balik ka imahna, seug disaur dipariksa, "Ku naon teu terus ka imah, sakitu geus lilana ditinggalkeun perang?"

¹¹ Wangsul Uria, "Rayat Israil sareng Yuda keur tarebih di medan perang, sareng Peti Perjangjian aya di ditu. Bapa Yoab panglima abdi kitu deui para perwira, nuju ngemah di nu ngabuliklak. Pisakumahaeun awonna saupami abdi wangsul ka rorompok raos-raos dahar leueut sareng mondokan pun bojo! Demi sagala nu suci, abdi sumpah moal milampah ka kitu!"

¹² Saur Daud, "Geus, poe ieu teruskeun reureuh di dieu, isukan isuk-isuk ku kami diidinan indit." Jadi poe eta jeung poe isukna Uria di Yerusalem keneh.

¹³ Peutingna ku Daud diondang dahar, disuguh inuman sina mabok. Tapi peuting eta ge henteu balik, mondokna di garduh karaton disasarap ku simbut.

¹⁴ Isukna Daud ngadamel surat keur ka Yoab, dititipkeunana ka Uria.

¹⁵ Eusina, "Uria teundeun panghareupna di nu pangragotna, tuluy tinggalkeun mundur sina kasambut."

¹⁶ Sanggeus Yoab nilik-nilik medan perang, Uria ku anjeunna diteundeun di tempat anu geus kataksir yen lebah dinya musuh pangkuatna.

¹⁷ Burudul pasukan musuh murudul ti jero kota, narajang ka pasukan Yoab. Para perwira Daud loba anu kasambut. Uria oge kasambut.

¹⁸ Ti dinya Yoab ngirim laporan perang ka Daud,

¹⁹ sarta kieu amanatna ka nu diutus, "Engke sanggeus raja nampi laporan kieu,

²⁰ bisa jadi nyeuseul, meureun saurna, Naha atuh nyampeuk-nyampeuk teuing ka kota! Na teu kajudi bakal dihujanan jamparing ti luhur kuta?

²¹ Na teu inget kumaha kasambutna Abimelek bin Gidion eukeur di Tebes bareto? Kapan tiwasna teh ditinggang ku batu panggilingan ku hiji awewe, ti luhur kuta. Ku naon nyampeuk-nyampeuk teuing kana kuta? Lamun raja mariksa kitu, jawab kieu, Uria oge, perwira Gusti, kasambut."

²² Bral utusan indit. Unjukanana ka Daud sakumaha papatah Yoab.

²³ Piunjukna, "Musuh langkung kiat, murudul ti lebet kota, narajang ka luar. Saena kaundurkeun deui ka lawang kota.

²⁴ Nanging nu di luhur kuta ngahujanan ku jamparing. Perwira-perwira seueur anu kasambut. Uria oge kasambut."

²⁵ Saur Daud, "Tegerkeun hate Yoab jeung omongkeun ulah leutik hate, kituh. Jamak dina perang mah, teu bisa ditangtukeun saha nu bakal kasambut. Atur deui balad sing leuwih kuat. Eta kota tarajang deui, sing beunang!"

²⁶ Ngarungu salakina kasambut Batseba ngalakonan kala sungkawa.

²⁷ Sanggeus tutas kala sungkawana, ku Daud dicandak ka karaton, tuluy dipigarwa. Brol babar, orokna lalaki. Tapi eta kalakuan Daud teh ngajaheutan manah PANGERAN.

12¹ PANGERAN ngutus Nabi Natan sangkan nepangan Daud. Bral nabi angkat, nyarios ka Daud, "Aya dua jalmi, matuh sakota. Nu hiji beunghar, nu hiji miskin.

² Nu beunghar gaduh sapi sareng domba pirang-pirang.

³ Dupi si miskin mung gaduh anak domba bae sasaki kenging meser, diurus sareng digedekeun bareng sareng barudakna, diparaban tina dahareunana sorangan, nginumna bareng sacangkir, heesna ge dilalahun sapertos ka anak awewe.

⁴Dina hiji dinten nu beunghar teh kasemahan. Bet lebareun bade meuncit pipiaraanana keur nyuguhan teh. Nya teras meuncit anak domba gaduhna si miskin, dipake nyuguhan semahna."

⁵Daud kacida benduna ka eta anu beunghar. Saurna, "Demi jumenenging PANGERAN, jalma kitu kudu dipaehan!"

⁶Kacida telengesna! Anak domba anu dicokot ku manehna kudu digantian opat tikel!"

⁷Saur Natan ka Daud, "Eta jalmi teh nya Sang Raja! Dangukeun ieu timbalan PANGERAN Allah Israil, Maneh ku Kami dijieun raja Israil jeung diluputkeun ti Saul.

⁸Karajaan Saul, kitu deui pamajikan-pamajikanana ku Kami dibikeun ka maneh. Maneh geus dijieun raja nyangking Israil jeung Yuda. Bisi ngarasa kurang keneh, ku Kami mo burung dibere deui dua kalieun ti eta.

⁹Ku naon maneh nyapirakeun timbalan Kami, nyieun kalakuan sakitu gorengna? Uria ku maneh dititah dipaehan dina perang, dihaja sina dipaehan ku urang Amon, tuluy pamajikanana ku maneh dicokot!

¹⁰Ku sabab maneh geus teu nurut ka Kami sarta nyokot pamajikan Uria, anu matak ti satiap turunan maneh turun-tumurun bakal aya nu paeh lantaran dipaehan.

¹¹ Kami sumpah, baris nibankeun kacilakaan ka maneh, anu datangna ti kulawarga maneh sorangan. Eta pijadieunana lamun Kami engke nyokot pamajikan-pamajikan maneh, dibikeun ka lalaki sejen, sarta ku eta bakal ditemahan kabeh waktu tangari bolong.

¹² Maneh geus nyieun dosa anu buni, tapi ieu ancaman Kami rek dibuktikeun di nu negla, hareupeun sakabeh urang Israil."

¹³ Waler Daud, "Kaula tarima dosa ka PANGERAN." Piunjuk Nabi Natan, "Sawangsulna dosa Sang Raja ku PANGERAN dihapunten. Sang Raja moal pupus ayeuna-ayeuna.

¹⁴ Nanging sarehing Sang Raja parantos midamel lampah sakitu aebna, eta putra Sang Raja anu nembe medal bakal maot."

¹⁵ Sanggeus nyarios kitu Natan mulih. Sanggeus kitu, eta murangkalih anu ti Batseba bojo Uria teh ku PANGERAN dikeunaan kasakit parna kacida.

¹⁶ Daud neneda ka Allah, sasambat supaya eta murangkalih cageur. Daud nepi ka teu kersa tuang-tuang acan. Ari ti peuting sok ngerem anjeun di kamarna bari ngagoler dina lante.

¹⁷ Para pajabat karaton marek, bari nunuhun supaya anjeunna kersa lugay. Tapi teu kersaeun bae, jeung weleh teu kersaeun tuang.

¹⁸ Sanggeus meunang saminggu murangkalih teh nepi ka hanteuna, ngantunqueun. Para pajabat Daud kacida baringungeunana kumaha ngunjukkeunana ka raja. Salaurna, "Keurna murangkalih hirup keneh sang raja geus teu kersa sasauran-sasauran acan, komo lamun diuningaan murangkalih geus lastari! Palangsiang nyiksa anjeun!"

¹⁹ Anu tingharewos ku Daud kadangueun. Kajudi yen murangkalih teh geus ngantunqueun. Anjeunna mariksa, "Kumaha budak teh, geus ninggalkeun?" "Sumuhun, parantos."

²⁰ Daud lugay ti handap, siram, meresan, gentos anggoan. Leos ka gedong PANGERAN, sembahyang. Sanggeus mulih ka karaton mundut tuang. Tuluy disayagikeun, seug tuang.

²¹ Para pajabatna mihatur, "Teu kahartos. Nalika murangkalih aya keneh ku Gusti ditangisan, disauman. Ayeuna saparantos murangkalih ngantunqueun, Gusti kersa lugay kersa tuang."

²² Waler Daud, "Heueuh, keurna hirup keneh budak teh ku kami diceungceurikan dipuasaan, malak mandar PANGERAN aya manah watir ka kami, sugar we budak teh moal dicandak.

²³ Ayeuna geus puguh maot, keur naon dipuasaan terus, da moal bisa dihirupan deui.

Kami onaman engke oge nuturkeun, tapi budak mah moal balik-balik deui."

²⁴Batseba ku Daud dililipur. Sanggeus ditemahan deui, Batseba ngandeg deui sarta babar, putrana pameget. Ku Daud dijenenganan Suleman. Eta murangkalih diasih ku PANGERAN,

²⁵sarta Mantenna nimbalan ka Nabi Natan supaya eta murangkalih dipaparin Ialandian Yedidya, sabab dipikaasih ku PANGERAN.

²⁶Sajeroning kitu Yoab terus keneh ngepung kota Raba, ibu kota nagara Amon. Eta kota geus meh karebut.

²⁷Yoab ngintun laporan ka Daud, "Kota Raba parantos kantun narajang. Sumber caina parantos karebut.

²⁸Mugi Gusti sumping nyandak balad sesa. Rebut eta kota ku Gusti, supados ulah abdi engke anu kasebut ngarebutna."

²⁹Daud jengkar ka Raba nyandak balad. Eta kota ditarajang sarta beunang karebut.

³⁰Di eta kota aya arca aallahaan urang Amon, arca Dewa Milkom, make makuta emas anu beuratna tilu puluh lima kilo, ditaretes ku batu permata. Ku Daud dicandak tuluy dianggo. Jaba ti eta anjeunna nyandak jarahan loba pisan ti dinya.

³¹Jelema-jelemana dipaksa sina digarawe marake ragaji, pacul, kampak, aya oge anu dipaksa nyarieunan bata. Hal sarupa kitu dikeunakeun oge ka jelema-jelema pangeusi

kota-kota Amon lianna. Geus kitu Daud sabalandna mulih ka Yerusalem.

13¹ Ari putra Daud anu jenengan Absalom kagungan saderek istri geulis, jenenganana Tamar. Dipikabogoh ku Amnon, putra Daud misah ibu.

²Kacida bogoheunana Amnon teh, nepi ka kagegeringan, tina taya harepan bisa laksana, kawantu kacida dipingitna sakumaha lumrahna parawan.

³Amnon boga sobat ngaranna Yonadab putra Syama saderek Daud, kasebut jelema loba akal.

⁴Saur Yonadab ka Amnon, "Ku naon putra raja teh saban dinten katingalna nguluwut bae? Ngamanahan naon?" Waler Amnon, "Kuring teh hayang ka nyi Tamar rayina Absalom, dulur tere."

⁵Saur Yonadab, "Gampil, pura-pura teu damang we, ebog di pajuaran. Upami engke rama sumping ngalayad, kedah unjukan kieu, Tamar piwarang ka dieu sina mangdamelkeun katedaan. Kedah di dieu ngadamelna supados katingal, sareng sina teras ngalaladenan di dieu."

⁶Tuluy Amnon lebet ka pajuaran, ebog pura-pura teu damang. Raja Daud sumping ngalayad. Saur Amnon, "Tamar widian ka dieu sina mangdamelkeun kueh. Di dieu ngadamelna ngarah katingal. Diasongkeunana hoyong ku manehna."

⁷ Daud ngintun talatah ka Tamar di karaton, kieu, "Longok akang maneh, Amnon, jeung pangnyieunkeun kadaharan."

⁸ Tamar sumping, Amnon kasampak keur ebog. Tamar ngadamel adonan didamel kueh di dinya, diawaskeun ku Amnon.

⁹ Sanggeus kuehna asak dijait tina panggorengan, tuluy disina dituang ku Amnon. Tapi Amnon can kersaeun, saurna, "Nu sejen sina arindit!" Sanggeus nu sejen kalaluar,

¹⁰ Amnon ngalahir ka Tamar, "Cepeng kuehna di dieu dina ranjang, Akang huapan." Kueh ku Tamar dicepeng rek ngahuapan ka raka.

¹¹ Tamar ku Amnon dikenyang tuluy ditangkeup, bari saur Amnon, "Urang ebog sareng Akang!"

¹² Saur Tamar, "Alim! Akang ulah maksa ngajak nista! Aeb temen!

¹³ Kumaha engke abdi, moal kiat patingal sareng batur! Akang oge tangtos bakal awon kasebatna ku urang Israil. Ari bade leres-leres mah atuh suhunkeun bae ka raja, moal teu dipaparinkeun."

¹⁴ Ku Amnon henteu ditolih. Bubuhan pameget leuwih kuat batan istri, Tamar ku anjeunna dikenyang kana pajuaran terus dipaksa.

¹⁵ Ari geus anggeus rey bae Amnon ngarasa cua liwat saking, leuwih ti batan rasa bogohna

tadi samemehna. Tamar diusir, saurna, "Jor ka ditu, kaluar!"

¹⁶Saur rayina, "Alim, isin! Ngusir abdi kieu leuwih jahat ti batan kalakuan Akang anu bieu!" Amnon teu kersa ngadangu,

¹⁷kalah ka nyaur gandek kadeuheus, saurna, "Usir ieu awewe ti hareupeun kami, jongklokkeun ka ditu, panto konci!"

¹⁸Tamar ku eta gandek dikenyang dibawa kaluar, pantona tuluy dikonci. Harita Tamar nganggo raksukan kurung, panjang ngagapuy dihias-hias, sakumaha layakna anggoan putri raja jaman harita keur parawanna.

¹⁹Tamar ngarawu taneuh ngebul diawurkeun kana mastakana, anggoanana disosoeh, tuluy angkat ti dinya nungkup raray bari nangis ngabangingik.

²⁰Waktu Absalom ningalieun, tuluy mariksa, "Dipaksa ku Amnon tadi teh? Keun bae Rayi, tong teuing jadi pikiran. Manehna teh lanceuk tere Rayi, jadi ieu kajadian ulah dibejakeun ka saha-saha." Tamar terus cicing di bumi Absalom, nyingsalkeun anjeun.

²¹Daud ngadangu eta kajadian, langkung-langkung benduna.

²²Ari Absalom ti harita ngamusuh ka Amnon anu geus ngotoran Tamar rayina, teu kersa palemek-lemek acan.

²³Dua taun ti harita, Absalom ngaguntingan bulu domba di Baal Hasor deukeut desa Epraim. Putra-putra raja kabeh diondang.

²⁴ Absalom ngadeuheus ka Raja Daud, unjukan kieu, "Ama, Sang Raja, putra ayeuna nuju ngaguntingan bulu domba. Hoyong disumpingan ka ditu sareng para mantri. Kersa?"

²⁵ Waler raja, "Moal anaking. Ka ditu sarerea mah atuh hidep repot." Absalom ngeukeuhan, tapi raja teu kersaeun. Absalom dipiwarang undur.

²⁶ Tapi Absalom unjukan deui, "Upami kitu, Amnon atuh widian, kenging?" Waler raja, "Rek naon Amnon kudu ka ditu?"

²⁷ Tapi bawaning ku dikeukeuhan tungtungna Amnon diwidian ngiring ka Absalom bareng jeung putra-putra anu sejenna. Absalom nyadiakeun tuangeun lir keur tuangeun raja bae.

²⁸ Tuluy marentah ka gandek-gandek, saurna, "Amnon awaskeun. Lamun nginumna geus nemen, geus mabok, lamun ceuk kami paehan, paehan! Tong inggis-inggis, kami anu tanggung jawab. Sing wani, ulah raga-reugeu!"

²⁹ Gandek-gandek narurut kana parentah Absalom. Amnon dipaehan. Pala putra Daud anu sejenna buru-buru marancal bigalna, biur ditegarkeun.

³⁰ Sabot pala putra di jaralan keneh, bejana ku Daud geus katampi. Ceuk nu mawa beja, "Pala putra sadayana ditelasan ku Absalom, teu aya anu kantun!"

³¹ Neut raja ngadeg, anggoanana disosoeh, bluk ngabeubeutkeun anjeun kana taneuh. Gandek-gandek anu araya di dinya oge nyosoeh pakeanana.

³² Pok Yonadab putra Syama saderek Daud unjukan, "Gusti Sang Raja! Anu ditelasan mung Amnon, anu sanesna henteu. Mugi kauninga, parantos lami Absalom kagungan niat kitu, ti wangkid Tamar rayina diganggu ku Amnon.

³³ Ulah dipercanten eta wartos teh. Henteu sadayana ditelasan, mung Amnon wungkul."

³⁴ Ari Absalom mah geus ngalolos. Sabot kitu prajurit anu jaga garduh nenjo aya aleutan ti lebah Horonaim keur marudun ti pasir. Tuluy diunjukkeun ka raja.

³⁵ Yonadab miunjuk, "Putra-putra Gusti parantos sarumping, sapertos sanggem abdi bieu."

³⁶ Kakara ge tutup unjukanana, putra-putra Daud geus sarumping bari narangis. Daud jeung para mantri oge narangis.

³⁷ (13: 37-38) Absalom kaburna ka Talmai bin Amihud raja Gesur, terus cicing di ditu nepi ka tilu taun. Daud lila pisan prihatinna katilar ku Amnon.

³⁸ (13: 37)

³⁹ Sanggeus manahna paler ka Amnon, jorojoy sono ka Absalom.

14¹ Ku Yoab katilik yen raja geus sonoeun ka Absalom.

² Yoab miwarang ngala hiji awewe binangkit ti Tekoa, tuluy dipapatahan kieu, "Maneh kudu pura-pura anu keur prihatin, make papakean paranti kapapatenan, buuk tong disisiran. Kudu siga anu geus lila nandangan prihatin.

³ Deuheusan raja, sarta ieu papatah kami unjukkeun." Ku Yoab tuluy dipapatahkeun.

⁴ Ti dinya awewe teh marek ka raja, brek deku tuluy sujud, pok unjukan, "Gusti, abdi nyuhunkeun pitulung!"

⁵ "Aya naon?" raja mariksa. Wangsulna, "Gusti, abdi teh randa miskin, salaki parantos maot.

⁶ Gaduh anak lalaki dua. Dina hiji dinten garelut di tegal teu aya nu misah, dugi tiwas saurang.

⁷ Gusti, ayeuna abdi dipaksa ku baraya-baraya kedah nyerenkeun anak anu maehan dulurna, bade dipaehan deuih ku maranehna. Upami dugi ka kitu tangtos pun anak leungit duanana, mangkaning teu gaduh deui anak. Mung kantun eta harepan abdi anu bakal neriskeun ngaran bapana. Nanging eta harepan anu mung sakitu-kituna teh ku maranehna bade dileungitkeun."

⁸ Dawuhan raja, "Geus geura balik. Engke kami marentahkeun supaya perkara maneh diuruskeun."

⁹ Piunjukna eta awewe, "Gusti Anu Mulya, sanaos naon anu bade dipidamel ku Gusti,

balukarna mah abdi sakulawarga anu baris nampi. Gusti sareng kulawargi mah henteu lepat."

¹⁰Saur raja, "Upama maneh diancam, sina datang jelemana ka kami, sina ulah nyusahkeun deui ka maneh."

¹¹"Nyuhunkeun dipangnedakeun ka PANGERAN Allah Gamparan, ulah dugi ka baraya-baraya abdi midamel kalakuan anu langkung jahat deui, maehan pun anak anu maehan dulurna." Waler Daud, "Kami jangji, demi jumenenging PANGERAN anak maneh moal bocel-bocel acan."

¹²Ceuk eta awewe, "Gusti, aya keneh pisanggemeun saeutik deui. Nyuhunkeun diwidian." "Pek," walerna.

¹³Eta awewe unjukan deui, "Ku pilahir anu tadi, Gusti oge parantos ngangken ku anjeun yen lepat henteu ngawidian tuang putra mulih ti pangasinganana teh. Ku naon Gusti dugi ka midamel kalepatan kitu ka umat Allah?

¹⁴Urang sadaya hiji mangsa kedah dongkap kana ajal, lir cai anu bahe kana taneuh moal tiasa kaala deui. Nanging sanaos leres Allah moal ngahirupkeun deui anu parantos maot, dupi hal tuang putra mah ku Gusti iasa ditarekahan, sakirang-kirangna supados putra iasa mulih deui ti panyingkiran.

¹⁵Gusti Sang Raja! Nu mawi abdi dumeuheus sareng unjukan kieu ka Gusti teh ku margi aya anu ngancam. Sanggem emutan, ah bade

diunjukkeun ka raja, malak mandar sang raja kersaeun ngabulkeun.

¹⁶Abdi percanten Gusti kersa ngadangu ieu piunjuk, ngaluputkeun abdi sarawuh pun anak ti nu bade maehan, anu bade nyingkirkeun ti ieu tanah paparin Allah ka umat-Na.

¹⁷Abdi percanten jangji Gusti bakal iasa ngarahayukeun, margi Sang Raja lir ibarat malaikat Allah, iasa nangtayungan anu sae ti nu awon. Mugi Sang Raja disareangan ku PANGERAN, Allah panutan Gusti."

¹⁸Waler raja, "Kami arek nanya, jawab sabalakana!" "Sumangga dawuhkeun," tembalna.

¹⁹Saur raja, "Ieu tangtu tarekah Yoab, lain?" Jawabna, "Mugi Gusti wilujeng! Abdi teu tiasa mungkir. Leres sakumaha pariksa Gusti, abdi teh dipapatahan ku Yoab, panglima Gusti.

²⁰Nanging maksad anjeunna teu aya sanes mung supados ieu perkawis tiasa dilempengkeun. Gusti teh estu bijaksana sapertos malaikat Allah bae, waspaos kana sagala rupi kajadian."

²¹Sanggeusna ti dinya, raja nimbalan ka Yoab, "Kahayang maneh ku kami rek dicumponan. Jig teang eta budak, Absalom sina balik!"

²²Bruk Yoab sujud kana taneuh ka payuneun Daud, pok miunjuk, "Mugi Sang Raja ginanjar berkah Allah. Ayeuna jisim abdi terang yen

Gusti mikasuka ka jisim abdi, reh panuhun abdi ku Gusti dikabul."

²³ Bral Yoab angkat ka Gesur, Absalom dicandak mulih ka Yerusalem.

²⁴ Tapi dawuhan raja, Absalom ulah dicandak ka karaton. Timbalanana, "Kami teu hayang nenjo manehna." Absalom mulih ka bumina ku anjeun sarta henteu nembongan ka raja.

²⁵ Absalom teh di sakuliah Israil pangkasepna, taya nu nendeng, pamujian sarerea. Ti embun-embunan nepi ka dampal sampean estu mulus taya kuciwana.

²⁶ Jeung rambutna gomplok pisan; ari diparasna sataun sakali, nya eta ari geus panjang teuing jeung lamun karaosna geus beurat. Ari beurat rambutna meh dua kilo mun ditimbang ku timbangan nurutkeun taraju karaton.

²⁷ Absalom kagungan putra, tilu pameget jeung hiji putra istri anu geulisna kawanti-wanti, jenenganana Tamar.

²⁸ Geus dua taun Absalom aya deui di Yerusalem, tara tepang-tepang jeung raja.

²⁹ Geus kitu anjeunna mundut disumpingan ku Yoab, hoyong dipangunjukkeun halna ka raja. Tapi Yoab henteu sumping. Sakali deui Absalom mundut, tapi tetep Yoab teu kersaeun sumping.

³⁰ Ti dinya Absalom ngalahir ka gandek-gandek, saurna, "Maraneh nyaho huma Yoab anu dipelakan hanjeli, gigireun huma kami?

Duruk ka ditu eta huma teh." Gur eta huma teh dihuru.

³¹ Yoab sumping ka Absalom sarta saurna, "Ku naon gandek-gandek hidep ngahuru lahan Bapa?"

³² Waler Absalom, "Ku naon Bapa ge diangkir teu kersa sumping? Pangunjukkeun pihatur ka raja, kieu, Jang naon abdi kapungkur dipiwarang wangsul? Terang-terang bade kieu mah langkung sae tetep bae di Gesur. Pangihtiarkeun, kaula hayang papanggih jeung raja. Lamun salah atuh paehan kituh, kaula pasrah."

³³ Ti dinya Yoab ngadeuheus ka Raja Daud ngunjukkeun pihatur Absalom. Absalom ku raja disaur. Sanggeus Absalom datang tuluy sujud ka payuneun raja. Ku raja ditampi, dicium.

15¹ Sanggeus kitu Absalom nyadiakeun hiji kareta perang jeung kudana, katut lima puluh urang pangawal pribadi.

² Unggal poe, isuk-isuk keneh pisang geus gugah, angkat ka lawang nagara, ngadeg sisi jalan. Unggal aya anu rek nyanggakeun urusanana ka raja, ku anjeunna dipegat, ditaros anu ti mana. Lamun dijawab yen ti salah sahiji kaom Israil,

³ Absalom ngalahir kieu, "Ceuk hukum mah maneh anu bener. Tapi hanjakal euweuh wawakil raja anu daekeun ngadenge perkara maneh."

⁴Lamun tas sasauran kitu sok terus disambung, "Da lamun kami jadi hakim mah, saha oge meunang datang, perkarana moal teu diuruskeun reujeung adil!"

⁵Upama jelemana nyampoyong arek nyembah sok geuwat disambut terus dirangkul.

⁶Kitu bae damelna ka unggal urang Israil anu rek menta pangadilan ka raja. Atuh jelema-jelema teh kabeuli hatena.

⁷Dina hiji mangsa, opat taun ti harita, Absalom unjukan ka Raja Daud, "Abdi neda idin ka Hebron, bade nekanan nadar ka PANGERAN.

⁸Kapungkur, nalika di Gesur tanah Siria, abdi gaduh panadaran, yen upami abdi diparengkeun tiasa wangsul deui ka Yerusalem, bade ngabakti ka Mantenna di Hebron."

⁹Waler raja, "Heug, sing salamet." Absalom angkat ka Hebron.

¹⁰Tapi anjeunna geus ngintun-ngintunkeun utusan ka sakabeh kaom Israil sina embar-embar, yen, "Mun geus aya sora tarompet, maraneh kudu surak, Absalom jumeneng raja di Hebron!"

¹¹Absalom angkatna diiring ku dua ratus jelema urang Yerusalem, beunang ngahaja ngondang. Tapi maranehna mah ngiring teh sabiasana bae, teu aya niat nu sejen, da

teu tarerangeun naon-naon kana paniatan
Absalom mah.

¹²Bari ngurban Absalom miwarangan jelema ka kota Gilo sina manggil Ahitopel, juru nasehat Raja Daud. Anu arek ngaralawan raja sakaitna beuki kuat, anu bariluk beuki loba.

¹³Aya anu nguninga ka Daud, "Unjuk uninga, urang Israil parantos bariluk ka Absalom."

¹⁴Saur Daud ka para mantri anu nyarengan di Yerusalem, "Urang nytingkir ayeuna keneh ari teu hayang ditangkep mah ku Absalom. Gancang! Bisi kaburu datang sarta nangkep urang, jeung bisi ngabasmi ka nu araya di Yerusalem!"

¹⁵Wangsulna, "Leres, Gusti! Sumangga abdi sadaya seja tumut."

¹⁶Raja geus angkat, disarengan ku sakabeh kulawargina jeung para pongawa, kajaba sapuluh urang parekan anu ditinggalkeun sina nungguan karaton.

¹⁷Sanggeus sumping ka imah anu pangjauhna, raja liren heula jeung sakabeh pangiringna.

¹⁸Para pongawa kabeh narangtung gedengeun raja, waktu pasukan pangawal raja liwat ngabaris di payuneunana. Kitu deui genep ratus urang prajurit ti Gat anu marilu ka anjeunna, eta oge liwat di payuneunana.

¹⁹Itai, pamingpinna, ku raja dipariksa, "Paman, ku naon milu ka kami? Mending mulang deui ka kota ngiring raja anyar. Da

Paman mah bangsa sejen, di dieu soteh keur ngungsi.

²⁰ Paman di dieu ngan keur saheulaanan, jadi arek naon milu sangsara jeung kami. Kami mah rek sakaparan-paran, henteu puguh nu dijugjug. Jig geura mulang, babaturan kabeh bawa. Mugia PANGERAN teu kendat nyarengan ka Paman, maparin kasaean."

²¹ Itai ngawangsul, "Gusti, Paman sumpah nyebat pajenengan PANGERAN, ka mana bae ge paeh hirup seja ngiring."

²² Waler Daud, "Nuhun Paman! Hayu maju!" Itai maju jeung sakabeh pasukanana katut kulawarga-kulawargana.

²³ Rayat anu dikantun ku Daud ear careurik. Ti dinya raja jeung rombonganana meuntasan Walungan Kidron rek ka tanah gurun.

²⁴ Imam Sadok oge ngiring, diiring ku urang Lewi anu ngagarotong peti suci, Peti Perjangjian Allah. Cag eta Peti teh diecagkeun heula, sarta can waka digotong deui samemeh rombongan laliwat kabeh. Imam Abyatar oge ngiring.

²⁵ Raja ngalahir ka Imam Sadok, "Eta Peti sae wangsumeun deui ka dayeuh. Aya bae milik kaula mendak kurnia ti PANGERAN tangtu bisa mulang deui bisa deui ningal eta, jeung bisa deui ningal tempat Mantenna.

²⁶ Sabalikna lamun kaula geus teu kamanah ku PANGERAN, kantun kumaha pangersa-Na, kaula sumeja pasrah."

²⁷ Saurna deui ka Sadok, "Mangga mulih deui ka dayeuh. Tuang putra Ahimaas sareng Yonatan putra Abyatar candak. Mangga sing salamet.

²⁸ Ari kaula rek ngantos di peuntaseun walungan di tanah gurun, ngantos wartos-wartos ti Bapa."

²⁹ Tuluy Peti Perjangjian teh ku Sadok jeung Abyatar dicandak deui ka Yerusalem, sarta aranjeunna tetep di Yerusalem.

³⁰ Daud nanjak ka Gunung Jetun bari nangis. Mastakana dicindung tawis keur prihatin, jeung teu ditarumpah-tarumpah acan. Anu ngariring oge dicarindung bari tingsalegruk.

³¹ Aya anu nguninga ka Daud yen Ahitopel biluk ka Absalom. Seug anjeunna neneda, "Nun PANGERAN, mugi-mugi sagala nasehat Ahitopel ulah aya anu kaanggap."

³² Sanggeus Daud aya di puncak pasir di tempat paranti sembahyang ka Allah, jol Husai urang Arki, mitra Daud. Pakeanana geus disosoeh sarta sirahna diawuran taneuh.

³³ Saur Daud ka Husai, "Mending entong ngiring, moal aya mangpaatna.

³⁴ Langkung sae ka dayeuh deui ngawula ka Absalom. Unjukkeun sumeja sumujud kituh sapertos ka tuang rama. Nasehat Ahitopel ka raja ayunan sakedah polah.

³⁵ Di ditu parantos aya Imam Sadok sareng Abyatar. Hal-hal anu kakuping di karaton wartoskeun ka aranjeunna.

³⁶Sagala keterangan anu geus kakumpulkeun ku saderek, ku aranjeunna bakal dititipkeun ka putrana, ka Ahimaas bin Sadok sareng ka Yonatan bin Abyatar, anu bakal nepikeun ka kaula di dieu."

³⁷Husai mitra Daud mulang ka dayeuh, kabeneran Absalom oge kakara sumping.

16 ¹Sanggeus Daud majeng deui saeutik liwat pasir, hol Siba gandek Mepiboset, mendakan, mawakeun kalde anu dimuatan roti dua ratus siki, anggur kering saratus ranggeuy, buah anggur seger saratus ranggeuy, jeung cianggur sakantong kulit pinuh.

²Daud mariksa, "Eta babawaan jang naon?" Ceuk Siba, "Sumuhun, kalde kanggo titihan pala putra, roti sareng bubuhan kangge anu ngariring, cianggur kangge ngalaleueut engke di tanah gurun."

³Saur raja, "Ari Mepiboset incu Saul juragan maneh di mana?" Jawab Siba, "Sumuhun di Yerusalem, margi yakineun yen karajaan Saul eyangna ku urang Israil bakal diserenkeun ka anjeunna."

⁴Dawuhan raja ka Siba, "Ari kitu mah harta milik Mepiboset cokot ku maneh, piboga." Pihatur Siba, "Sembah hatur nuhun. Mugi abdi salamina mendak kurnia ti Gusti."

⁵Sanggeus sumping ka Bahurim, Raja Daud dipegat ti kajauhan ku Simei bin Gera, hiji ahli Saul. Simei nyumpahan

⁶bari ngabaledogan ku batu ka Daud jeung pangiringna, teu tolih ka para gegeden jeung pangawal anu ngaping.

⁷Nyumpahanana, "Jor geura kabur! Si tukang maehan! Si jahat!

⁸Bareto maneh ngarebut karajaan Saul. Sakitu lobana ahli-ahli Saul anu dipaehan ku maneh. Ayeuna tibalik, maneh dihukum ku Allah. Karajaan maneh ayeuna ku PANGERAN diselehkeun ka Absalom, anak maneh sorangan. Sukur pisan maneh cilaka, sukur! Si tukang maehan!"

⁹Abisai putra ibu Seruya unjukan ka raja, "Gusti, bade sabar bae ka eta anjing anu gagag-gogog nyarekan ka salira Gusti? Urang teukteuk huluna ku abdi!"

¹⁰Raja ngawaler ka Abisai jeung Yoab rakana, "Lain urusan maraneh. Lamun nyarekanana ka kami teh geus kersaning PANGERAN, saha nu bisa ngahulag?"

¹¹Dawuhanana deui ka Abisai jeung ka para ponggawa, "Anak kami sorangan rek maehan ka kami, naha maraneh make heran ku kalakuan eta urang Binyamin? Keun bae sina nyarekan ka kami, da PANGERAN anu miwarang kitu.

¹²Ngan muga-muga ieu kabalangsakan kami nepi ka dicarekan kieu ku batur, ku PANGERAN digentos ku kabagjaan."

¹³Daud jeung sapangiringna neruskeun lumakuna. Ari Simei terus bae nutur-nutur

ti sisi pasir, teu eureun-eureun nyumpahan
bari ngabenturan ku batu jeung ngawuran ku
taneuh.

¹⁴Sanggeus sumping ka sisi Walungan
Yordan, Daud sapangiringna ngareureuh
heula bawaning ku cape.

¹⁵Absalom lebet ka Yerusalem jeung urang
Israil anu ngariring, kitu deui Ahitopel.

¹⁶Jol Husai mitra Daud ngadeuheus ka
anjeunna, seug nyora tarik, "Wilujeng raja!
Wilujeng raja!"

¹⁷Ku Absalom dipariksa, "Kumaha bejana
Daud sobat andika? Geus ditinggalkeun? Ku
naon teu milu ka sobat?"

¹⁸Saur Husai, "Paliyas, Gusti! Jisim abdi
sumeja sumeren diri ka raja anu diangkat
ku PANGERAN, ku ieu jalmi-jalmi, sareng ku
sabangsa Israil. Jisim abdi sumeja ngiring ka
Gamparan.

¹⁹Kalih perkawis, ka saha deui nya kedah
kumawula upami sanes ka putra jungjunan
abdi?"

²⁰Geus kitu Absalom malik ngalahir ka
Ahitopel, "Urang parantos aya di dieu,
kumaha saterasna? Cobi nyuhunkeun
pirempag."

²¹Ceuk Ahitopel, "Ayeuna mah cobian bae
heula parekan-parekan tuang rama anu
ku anjeunna dikantun sina tunggu karaton
tea, supados sadaya urang Israil terang

yen Gamparan nangtang ka rama, supados maranehna tambih kawani."

²²Ti dinya Absalom dipangnyieunkeun sasaungan di luhur karaton. Seug parekan-parekan ramana teh ku Absalom kabeh digadabah di dinya, dilalajoanan ku saban jelema.

²³Mangsa harita sagala nasehat Ahitopel ditarurutna teh kawas kana pangandika Allah bae, boh Daud boh Absalom kacida tumutna.

17 ¹Sanggeus kitu Ahitopel unjukan ka Absalom, "Jisim abdi nyuhunkeun jalmi dua belas rebu urang, bade ngudag Daud engke wengi.

²Bade ditarajang meungpeung keur ripuheun keneh. Tangtos anjeunna gugup, pangiringna bakal paburisat kalalabur. Anu diarah patina mung raja.

³Pangiringna mah bade dibantun ka Gamparan, lir panganten awewe nepangan salakina. Nu diarah mung saurang, anu dipikapalay ku Gusti. Anu sanes-sanesna urang hirupan."

⁴Ku pamendak Absalom jeung para pamingpin Israil eta nasehat kacida hadena.

⁵Saur Absalom, "Cik urang tanya pamanggih Husai kumaha."

⁶Sanggeus Husai marek, Absalom mariksa, "Kitu pirempug Ahitopel. Turutkeun atawa ulah? Lamun ulah, coba kumaha pikiran maneh?"

⁷ Saur Husai, "Nun, sakali ieu mah pirempag Ahitopel henteu sae.

⁸ Gamparan langkung uninga, tuang rama, Daud, sareng pangiringna, jago-jago tarung, garalakna sapertos biruang anu dibantun anakna. Tuang rama teh prajurit kahot, seueur pangalaman, sareng wengi ieu tangtos moal ngahiji sareng balad.

⁹ Manawi ayeuna teh keur nyumput, ngintip di lebet guha duka di mana. Saupami Daud ujug-ujug narajang dugi ka balad ti dieu kasoran, tangtos sanggem anu ngaruping teh balad Gamparan parantos kasoran.

¹⁰ Upami parantos kitu, jalmi anu panggagahna sareng teuneungna ibarat singa ge tangtos murungkut hatena. Margi sadayana ge parantos teu aya nu bireuk kana kagagahan tuang rama sabalandna.

¹¹ Pirempag abdi gamparan mah kieu: Kerid sabangsa Israil ti tungtung dugi ka tungtung, ti Dan dugi ka Berseba, dugi ka seueurna sapertos keusik di basisir. Candak perang, pingpin nyalira ku Gamparan.

¹² Ku jalan kieu, sanaos Daud nyumput di mana ge moal teu kapendak. Memeh uningaeun kitu kieuna der tarajang. Ditanggel, anjeunna sabalandna moal aya anu luput.

¹³ Bilih bae anjeunna mibus ka salah sawios kota, kotana sina diered ku balad urang ku

tambang, jungkelkeun kana jurang dugi ka pasirna teu nyesa batu hiji-hiji acan."

¹⁴Saur Absalom kitu deui ceuk urang Israil, "Pirempug Husai leuwih alus ti batan pirempug Ahitopel." Geus kitu kersaning PANGERAN, pirempug Ahitopel anu sakitu alusna teh henteu dianggap, sarta hal eta bakal jadi lantaran cilakana Absalom.

¹⁵Geus kitu Husai wawartos ka Imam Sadok jeung Abyatar yen anjeunna tas ngahaturkeun pirempug kitu ka Absalom jeung para gegedenna, sarta hal pirempugna Ahitopel.

¹⁶"Enggal wartoskeun ka Daud," saur Husai. "Wengi ieu ulah ngarereb di peupeuntasan ka tanah gurun, kedah enggal meuntasan Walungan Yordan, bilih kabujeng kabasmi."

¹⁷Yonatan bin Abyatar jeung Ahimaas bin Sadok keur tarunggu di pasisian Yerusalem, sisi sumur di En Rogel, teu waranieun arasup ka jero kota, sieun aya anu nenjoeun. Jol tukang ngabejaanana anu geus baku, hiji gandek awewe, mawa beja anu kudu buru-buru diwartoskeun ka Daud.

¹⁸Tapi sakali eta mah anu duaan teh katenjoeun ku hiji budak lalaki, tuluy dibejakeun ka Absalom. Gancang duanana nyumput ka salah sahiji imah urang desa Bahurim, tuluy arasup ka jero sumur di buruan eta imah.

¹⁹Rup sumurna dituruban ku pamajikan nu boga imah, turubna diamparan gabah, teu katara di dinya aya nu nyumput.

²⁰Burudul abdi-abdi Absalom daratang tuluy nanyakeun, "Mana si Ahimaas jeung si Yonatan?" Ku eta awewe dijawab, "Parantos mareuntasan walungan." Terus dikotek tak, teu kapanggih. Anu nareangan baralik.

²¹Ahimaas jeung Yonatan haranjat ti sumur tuluy kebat ka Daud. Nasehat Ahitopel diunjukkeun. Pokna deui, "Enggal meuntas!"

²²Daud sapangiringna pakepuk meuntasan Walungan Yordan. Bray isuk teh geus teu aya saurang-urang acan anu tinggal.

²³Ari Ahitopel sanggeus pirempugna henteu kapake, clak bae kana kalde, mulang ka lemburna. Sanggeus wawasiatan, gurawil ngagantung maneh. Tuluy dikuburkeun di makam kulawargana.

²⁴Waktu Absalom jeung urang Israil keur mareuntasan Walungan Yordan, Daud mah geus aya di kota Mahanaim.

²⁵(Absalom geus ngangkat Amasa jadi panglima gaganti Yoab. Amasa teh anak Yitra urang Ismail, ari ibuna Abigail binti Nahas, saderekna Seruya ibuna Yoab.)

²⁶Absalom masanggrahan heula di tanah Gilad.

²⁷Ari Daud sasumpingna ka Mahanaim ditepangan ku tilu jelema, nya eta Sobi bin Nahas ti kota Raba di Amon, Makir bin Amiel

urang Lodebar, jeung Barsilai urang Rogelim di tanah Gilad.

²⁸(17: 28-29) Maranehna marawakeun bokor-bokor, wawadahan tina taneuh, kasur, kitu deui bahan dahareun pikeun Daud sabaladna: Gandum, tarigu, daging, sanggray gandum, kacang buncis, madu, kiju, mantega, jeung domba sababaraha hiji. Maranehna nyarahoeun yen Daud sabaladna tangtu lapar jeung aus, tur cape aya di tanah gurun teh.

²⁹(17: 28)

18¹Daud ngaloris balad anu ngiring, tuluy dibagi jadi sababaraha pasukan, aya anu sarebuan, aya anu saratusan. Tiap pasukan aya kapalana.

²Geus kitu balad teh dibagi tilu bagian. Sapertilu dipingpin ku Yoab, sapertilu ku Abisai raina Yoab, sapertilu deui ku Itai urang Gat tea. Saur raja ka aranjeunna, "Kami oge rek milu perang."

³Tapi ku aranjeunna diwagel, "Gamparan mah ulah angkat. Balad onaman sanaos dugi ka kapaksa kalabur oge, atanapi dugi ka kantun saparo, ku musuh moal dianggap. Dupi salira Gamparan mah tinanding balad salaksa. Gamparan langkung sae ngantos di dieu, di dayeuh, ngatur bala bantuan."

⁴"Kumaha hadena bae, kami nurutkeun," walerna. Ti dinya anjeunna ngadeg di sisi lawang dayeuh, ningalikeun budalna

pasukan-pasukan, anu sarebuan, anu saratusan.

⁵Raja nimbalan ka Yoab, Abisai, jeung Itai, saurna, "Kade eta budak, Absalom ulah dikieu-kieu." Eta dawuhan ku balad oge kadarengeeun.

⁶Balad Daud geus budal ka luar ti dayeh. Terus mokprok jeung balad Israil di leuweung Epraim, der campuh.

⁷Urang Israil eleh ku balad Daud lain meumeueusan, aya 20.000 urang anu kasambut poe eta.

⁸Perang terus nyaliara sawewengkon eta, anu paraeh cilaka di leuweung leuwih loba ti batan anu paraeh kasambut perang.

⁹Prok Absalom amprok jeung balad Daud. Bigalna dilumpatkeun. Barang nepi ka handapeun hiji tangkal kiara anu dahanna rekep, gurawil bae ngagurawil, sabab mastakana tiselap kana dahan kiara, salirana guwang-gawing di awang-awang. Ari bigalna terus lumpat.

¹⁰Aya anu nguninga ka Yoab pokna, "Abdi ningal Absalom guwang-gawing dina tangkal kiara."

¹¹Saur Yoab, "Geus puguh katenjo ku naon henteu terus dipaehan bae di dinya ku maneh? Moal teu diperesen ku kami sapuluh gebleg perak jeung sabuk hiji."

¹²Tembalna, "Sanaos diperesen sarebu gebleg perak oge, abdi mah teu wantun

nyintreuk-nyintreuk acan ka eta putra raja. Sadayana oge nguping raja nimbalan ka Bapa, ka Abisai, sareng ka Itai, dawuhanana, Sing inget ka kami, eta budak, Absalom, ulah dikieu-kieu.

¹³ Saupami abdi baha ka raja dugi ka maehan Absalom, halna tangtos kadangu ku raja, da sagala rupi hal oge ku anjeunna mah kadangueun bae. Upami parantos kitu mah Bapa ge tangtos moal ngabelaan ka abdi."

¹⁴ Saur Yoab, "Ah, cumah ngobrol jeung maneh!" Geus kitu anjeunna nyandak tumbak tilu. Absalom kasampak hirup keneh keur roroesan dina dahan kiara. Bles angenna ditubles.

¹⁵ Jol prajurit sapuluh urang, tuluy marilu nyampurnakeun Absalom.

¹⁶ Yoab miwarang niup tarompet, tangara kudu eureun perang. Balad daratang tas ngabeberik urang Israil.

¹⁷ Mayit Absalom diturunkéun, tuluy digurubagkeun kana lombang jero di eta leuweung, bru dibugbrugan ku batu. Urang Israil kabeh geus kalabur, baralik ka saimah-imahna.

¹⁸ Keur hirupna Absalom teh ngadamel hiji tugu keur salirana di Lebak Raja, dumeh teu kagunganeun putra pameget anu bakal neruskeun jenenganana. Anu matak eta tugu ku anjeunna dingaranan ku jenenganana ku

anjeun, sarta nepi ka ayeuna eta tugu katelah
Tugu Absalom.

¹⁹ Geus kitu jol Ahimaas bin Sadok unjukan ka Yoab, "Manawi karujukan, ieu pikabingaheun teh urangunjukkeun ku abdi ka raja, yen anjeunna ku PANGERAN parantos diluputkeun ti musuh."

²⁰ Waler Yoab, "Ulah! Poe ieu mah najan anu pikabungaheun oge ulah hidep anu ngabejakeunana. Poe sejen mah pek bae. Sabab anu tiwas poe ieu teh putra raja."

²¹ Ti dinya Yoab nimbalan ka budak urang Sudan saurna, "Silaing kudu ka kangjeng raja ayeuna. Uningakeun sakur anu kasaksian ku silaing di dieu." Budak teh nyembah, semprung lumpat.

²² Ahimaas maksa, "Matak naon abdi oge widian ngunjukkeun ieu wartos ka kangjeng raja?" Saur Yoab, "Keur naon ka ditu anaking? Ka-teu-teu-ari da moal aya pihasileunana."

²³ "Sawios ku kitu ku kieu oge, matak naon?" "Nya jig atuh," saur Yoab. Semprung Ahimaas oge lumpat, mudun ka Lebak Yordan, teu lila budak urang Sudan anu tadi geus kapiheulaan.

²⁴ Daud keur linggih di nu lega antara lawang jero jeung lawang kota beulah luar. Anu kemit unggah ka luhur lawang kuta, terus nangtung di dinya, tuluy nenjo aya anu keur lumpat nyorangan.

²⁵ Gancang ceceluk ka handap, nguninga ka raja. Lahiran raja, "Upama nyorangan, bejana tangtu hade." Anu lumpat beuki deukeut.

²⁶ Beh deui anu keur kemit teh nenjo saurang deui anu keur lumpat. Gero ngabejaan ka nu jaga lawang, "Tuh aya saurang deui anu lumpat!" Saur raja, "Eta oge tangtu mawa beja hade."

²⁷ Ceuk nu kemit, "Parantos rada sidik jalmina, rupina mah Ahimaas." Saur raja, "Jelema hade eta mah. Bejana tangtu ngeunah."

²⁸ Ahimaas norojol bari ngawilujengkeun ka raja, bruk sujud kana taneuh payuneunana, piunjukna, "Puji ka PANGERAN, Allah Gamparan, anu ngersakeun Gamparan unggul ngelehkeun jalmi-jalmi anu ngalawan ka Sang Raja!"

²⁹ Raja mariksa, "Ari Absalom kumaha, salamet?" Piunjuk Ahimaas, "Gusti, nalika abdi diutus ku panglima Yoab, abdi ningal aya anu ribut-ribut, duka abdi gamparan teu terang aya naon."

³⁰ "Enya, geus maneh nyisi nangtung di dieu," saur raja. Ahimaas nyisi tuluy nangtung di dinya.

³¹ Teu lila torojol budak urang Sudan tea datang, tuluy unjukan ka raja, "Gusti, abdi ngabantun wartos pikabingaheun! Dinten ieu Gusti ku PANGERAN parantos dipaparin kaunggulan ti anu ngaralawan ka Gusti!"

³²"Ari anak kami, Absalom, salamet?" Eta budak ngawalon, "Mugi-mugi sadaya musuh Gusti, sakur anu ngalawan ka Gusti, sing sapertos eta Gusti anom."

³³Raja rampohpoy, manahna sumeblak. Sup lebet ka kamar peuntaseun lawang, ngadon nangis. Bari angkat henteu weleh sumambat, "Emh Absalom, Absalom, anaking! Mending oge Ama anu paeh, nalangan Enung, anaking, anaking!"

19¹Aya anu nguninga ka Yoab, yen Raja Daud damelna nangis bae sasambat ka Absalom.

²Atuh balad anu keur barungah unggul perang teh hatena ngarareunteut lantaran rajana nangisan putrana.

³Arasupna ka kota teh mani jempling kawas nu nandang kaera, kawas tas kabur ti medan perang.

⁴Ari raja nyindungan raray bari jerat-jerit, "Duh anaking Absalom! Anaking! Absalom! Anaking!"

⁵Yoab lebet ka bumi anu dicalikan ku raja, ngahaturanan pituah, "Dinten ieu Gamparan parantos ngawiwirang balad, balad ku anjeun, anu parantos toh pati jiwa raga ngabelaan Gamparan, ngabelaan putra-putra pameget istri, ngabelaan garwa-garwa sareng parekan-parekan Gamparan.

⁶Gamparan sarupi anu ngamusuh ka nu sumujud, mikatresna ka nu ngalawan. Tetela

Gamparan teh nganggap para kapala teu aya harga, para abdi taya pangaji. Upami kitu tetela, manawi upami dinten ieu abdi sadaya tumpes tiwas, Absalom anu hirup, nembe Gusti suka galih.

⁷ Mana ayeuna nun Gusti, upahan hate balad-balad. Demi PANGERAN, abdi Gamparan sumpah, upami Gamparan henteu ngupahan hate balad, enjing oge parantos moal aya saurang-urang acan anu kumureb deui ka Gamparan. Upami dugi ka kitu, Gamparan anu cilaka, langkung cilaka ti batan anu parantos karandapan ku Gamparan ti aanom."

⁸ Neut raja cengkat lajeng kaluar, gek lenggah di lawang nagara. Balad gancang kabejaan yen sang raja teh geuning itu keur lenggah di lawang nagara. Burudul balad daratang ngadareuheusan ka rajana. Harita urang Israil geus kalabur baralik ka saimah-imahna.

⁹ Geus kitu urang Israil teh di mana-mana recok pada batur, pokna, "Raja Daud teh padahal ngabebaskeun urang ti musuh-musuh. Urang jadi bebas ti urang Pelisti. Ayeuna anjeunna nepi ka lunta ti nagara, nyinkahan Absalom.

¹⁰ Urang kalah ka ngangkat Absalom jadi raja. Absalom geus tiwas kasambut perang. Ku naon urang caricing keneh bae, lain

buru-buru ngangkir deui Raja Daud, sina gancang mulih ka nagara?"

¹¹ Recokna urang Israil kitu geus aya anu nguningakeun ka Raja Daud. Seug anjeunna ngintun amanat ka Imam Sadok jeung Abyatar, sina nyarios kieu ka kapala-kapala urang Yuda, "Ari maraneh moal waka mulangkeun raja ka karaton? Rek mandeurikeun maneh bae?

¹² Na enya maraneh, kulit daki kami sorangan rek pangpandeurina mulangkeun kami ka karaton?"

¹³ Jeung kieu timbalanana pikeun Amasa, "Andika baraya kami. Ti semet ieu andika ku kami dijieu panglima keur gaganti Yoab. Lamun kami jalir, masing dihukum ku Allah!"

¹⁴ Narima timbalan kawas kitu, sumanget maranehna beuki kahudang, tuluy guyub ngirimkeun pihatur ka anjeunna, ngahaturanan mulih saputra garwa.

¹⁵ Bral raja angkat seja mulih. Di sisi Walungan Yordan, urang Yuda anu daratang ka Gilgal geus araya mapag, arek meuntaskeun rajana.

¹⁶ Waktu eta, Simei bin Gera urang Binyamin oge gura-giru muru ka dinya rek mapagkeun raja,

¹⁷ dibarengan ku sarebu jelema urang kaom Binyamin. Kitu deui Siba, gandek ahli Saul tea, eta oge datang jeung anak-anakna lalaki lima belas urang, gandek-gandekna dua

puluh urang; datangna ka Walungan Yordan memeh raja sumping.

¹⁸ Maranehna geus ka peuntas ditu rek ngaping meuntaskeun raja saputra garwa, bari rek nadah sagala timbalanana. Barang raja bade clak kana eretan, bruk Simei sujud kana taneuh payuneun anjeunna,

¹⁹ tuluy unjukan, "Nun Gusti, abdi nyanggakeun samudaya kalepatan nalika Gusti keur ngantunkeun Yerusalem. Hapunten anu kasuhun, mugi ulah jadi kekeling panggalih.

²⁰ Jisim abdi rumaos pisan, kalakuan kapungkur teh kalintang awonna. Ku margi eta danget ieu, ti antawis kaom-kaom palih kaler, abdi anu pangpayunna dumeuheus ka pangersa Gusti."

²¹ Pok Abisai putra ibu Seruya haturan, "Gusti, ieu Simei kedah dihukum pati, kapungkur nyarekan ka raja lisahan PANGERAN."

²² Saur Daud ka Abisai jeung ka Yoab rakana, "Na kami teh menta nasehat maraneh? Arek mere pisusaheun ka kami? Ieu kami anu jadi raja nyangking Israil. Poe ieu moal aya urang Israil anu baris keuna ku hukum pati!"

²³ Ti dinya dawuhanana ka Simei, "Timbalan kami, maneh moal dipaahan."

²⁴ Mepiboset putu Saul oge datang mapagkeun ka raja. Ti barang raja lunta ti Yerusalem nepi ka mulihna deui harita

kalawan wilujeng, Mepiboset teh geus tara ngumbah-ngumbah suku, tara ngurud-ngurud janggot, pakeanana teu diseuseuh-seuseuh.

²⁵ Datang-datang ti Yerusalem rek mapag raja, ari gok ku raja tuluy dipariksa, "Bagea Mepiboset! Ku naon bareto teu milu jeung kami?"

²⁶ Ceuk Mepiboset, "Nun Gusti! Kawantos gempor, harita abdi teh ka badega nyuhunkeun dipangnyelaankeun kalde bade nuturkeun Gusti, nanging ku manehna dihianatan.

²⁷ Malah abdi teh diawonkeun ka Gusti. Abdi sadaya-daya pasrah kana pangersa, Gusti nu langkung uninga, kawantos Gusti mah lir malaikat Allah bae.

²⁸ Abdi sadaya, ahli-ahli pun bapa, memang pantes dikeunaan hukum pati ku Gusti. Sangkilang kitu ku Gusti anggur dipaparin nugraha dugi ka diwidian neda satata sareng Gamparan. Jadi kalintang henteu pantesna saupami jisim abdi ayeuna nyuhunkeun deui sih citeres Gamparan."

²⁹ Waler raja, "Perkara eta ulah diomongkeun deui. Timbalan kami ayeuna, eta lahan Saul teh ku hidep parokeun jeung Siba."

³⁰ Mepiboset, "Bade dibantun ku Siba sadayana oge abdi teu kaabotan. Ku ningal Gamparan sumping deui kalayan kawilujengan oge abdi parantos kalintang bagjana."

³¹ Barsilai urang Gilad tea oge ngahaja datang ka dinya ti Rogelim, rek ngabantu raja meuntas Walungan Yordan.

³² Jelemana geus kacida kolotna, umurna geus dalapan puluh taun. Kacida beungharna. Waktu raja keur di Mahanaim keneh, ku manehna disumbang ku bahan pangan.

³³ Raja ngandika ka Barsilai, "Milu bae jeung kaula ka Yerusalem, kaula hayang nyenangkeun."

³⁴ Piunjuk Barsilai, "Abdi hirup teh moal sabaraha lami deui, jadi kanggo naon ngiring ka Gusti ka Yerusalem?

³⁵ Umur abdi parantos dalapan puluh taun, parantos teu tiasa ngabentenkeun senang teu senang, teu tiasa deui ngabentenkeun katedaan anu raos sareng anu teu raos. Kawih raos oge parantos moal tiasa kakuping. Matak ngariridu bae ka salira Gusti.

³⁶ Abdi teu layak nampi pangasih anu sakitu ageungna. Mung seja jajap bae saeutik ka palih ditu saparantos meuntasan ieu walungan.

³⁷ Saparantos eta abdi neda diwidian wangsul, sumeja mapag ajal di lembur, hoyong dipendem di makam karuhun. Mung ieu pun anak, Kimham wastana, widian kumureb ka salira Gusti. Mangga candak, bade dibeureum bade dihideung nyanggakeun kumaha pangersa Gusti."

³⁸Raja ngandika, "Mangga, ku kaula rek dibawa, rek dijamugakeun sakumaha hadena ceuk pangrasa Aki, jeung lamun Aki aya pamenta naon bae, ku kaula seja ditedunan."

³⁹Ti dinya Daud sabaladna meuntasan Walungan Yordan. Geus kitu anjeunna ngarangkul ka Barsilai sarta ngadungakeun. Ti dinya Barsilai mulang.

⁴⁰Sanggeus meuntas, raja diiring ku sakabeh urang Yuda jeung ku saparo urang Israil, ngabujeng ka Gilgal. Kimham milu.

⁴¹Ti dinya sakabeh urang Israil ngadareuheus ka raja, arunjukan kieu, "Gusti, ku naon dulur-dulur abdi urang Yuda ngarasa gaduh hak mapagkeun sareng ngawal Gusti sakulawargi katut sadaya pangiring meuntasan Walungan Yordan?"

⁴²Ditembal ku urang Yuda, "Na matak naon, da raja teh baraya kami! Na make arambek ka kami? Kami migawe kitu ka raja, ku raja henteu diparaban henteu diburuhan!"

⁴³Ceuk urang Israil, "Masing enya ge anjeunna baraya arandika, hak kami ka raja sapuluh kalieun arandika. Nyapirakeun teuing ka kami teh! Padahal kami anu pangheulana boga niat ngangkir raja sina mulih teh!" Tapi urang Yuda ngajawab leuwih sugal ti batan urang Israil.

20¹Harita di Gilgal aya hiji jelema bangkawarah, ngaranna Seba bin Bikri ti kaom Binyamin. Manehna niup

tarompet, tuluy ceceluk pokna, "Geus, Daud teh taringgalkeun! Tong ditaluturkeun! Hayu urang Israil urang baralik!"

²Urang Israil ngaburiak naringgalkeun Daud, tuluy naluturkeun ka Seba. Sabalikna urang Yuda mah tetep satia ngiring ka Daud ti Walungan Yordan ka Yerusalem.

³Sanggeus Daud aya deui di karaton di Yerusalem, parekanana anu sapuluh urang, anu dipiwarang nunggu karaton tea, ku anjeunna dipernahkeun di hiji imah anu tuluy dijaga ku pangawal. Sagala kaperluanana dicukup ku anjeunna, tapi tara dikuleman deui. Jadi harirupna teh dipingit sarta jaradi randa saumur-umur.

⁴Geus kitu raja nimbalan ka Amasa, "Urang Yuda kumpulkeun, pageto bawa ka dieu."

⁵Amasa iang rek ngumpulkeun urang Yuda, tapi dina tempona kudu datang teu datang bae.

⁶Ku sabab kitu raja nimbalan ka Abisai, "Seba bakal leuwih nyusahkeun ti batan Absalom. Bereskeun, bawa balad kami, bisi manehna kaburu mibus ka kota anu aya bentengna, moal bisa dibeunangkeun."

⁷Abisai ngumpulkeun prajurit bawahani Yoab, para pangawal raja, jeung prajurit salianna, tuluy kaluar ti Yerusalem rek ngudag Seba.

⁸Barang narepi ka hiji batu karang gede di Gibon, pasanggrog jeung Amasa. Ku Yoab dideukeutan. Yoab harita nganggo dangdanan

perang, dina angkengna nyolegreng pedang. Sabot ngadeukeutan Amasa, pedangna murag.

⁹ Yoab uluk salam ka Amasa, pokna, "Haturan, kumaha Adi damang?" saurna bari newak janggot Amasa ku panangan katuhu siga rek nyium,

¹⁰ ari panangan kena nyepeng pedang. Amasa teu aya curiga, jadi henteu iyatna. Bles beuteungna ku Yoab ditubles nepi ka peujitna amburadul kana taneuh. Ku Yoab teu kungsi dipindo, kaburu lastari. Geus kitu Yoab jeung Abisai rayina kebat rek ngudag Seba.

¹¹ Aya jalma bawahan Yoab anu nangtung gigireun mayit Amasa bari ceceluk, "Sakur anu misuka ka Yoab, sakur anu satuju ka Daud, tuturkeun Yoab!"

¹² Mayit Amasa burah-bareh ku getih, ngajoprak di tengah jalan. Jalma-jalma anu rek naluturkeun Yoab ngararandeg heula lalajo eta mayit. Ti dinya mayit Amasa ku jalmana Yoab diangkat, dipindahkeun ka jero kebon, tuluy dirimbunan ku simbut.

¹³ Sanggeus mayit diangkat ti jalan, kakara jalma-jalma teh kebat naluturkeun Yoab rek ngudag Seba.

¹⁴ Ari Seba liwatna ngambah wewengkon kaom-kaom Israil, tuluy asup ka kota Abel Bet Maaka, bareng jeung sakabeh jelema ahli-ahli Bikri.

¹⁵ Yoab geus uningaeun yen Seba aya di dinya, seug eta kota dikepung. Balad Yoab ngunggul-ngunggul taneuh sina ngadingding nyanghareupan kuta ti luar, ari kutana dikali sina rugrug.

¹⁶ Aya hiji awewe binangkit ngagero ti luhur kuta, pokna. "Dengekeun! Dengekeun! Unjukkeun ka Yoab, kuring rek aya pihatur!"

¹⁷ Yoab nyampeurkeun. "Bapa teh Bapa Yoab tea?" ceuk eta awewe, nanya ka Yoab. "Enya," waler Yoab. "Dangukeun ieu pihatur abdi," ceuk eta awewe. "Heug ku kami didengekeun," waler Yoab.

¹⁸ Ceuk eta awewe, "Jaman kapungkur jalmi-jalmi teh sok biasa nyanggem kieu, Lamun butuh pituduh, indit we ka kota Abel sareng leres eta kitu teh dijalankeun.

¹⁹ Ieu kota abdi-abdi teh ageung. Di Israil mah pangamanna, jalmi-jalmina pangsatiana. Ayeuna nu mawi bade ditumpur teh ku naon? Leres Bapa teh bade ngaburak-barik ieu kota milik PANGERAN?"

²⁰ Waler Yoab, "Paliyas! Paliyas! Kami teu niat ngaruksakkeun atawa ngabasmi.

²¹ Lain kitu maksud kami. Di dinya aya jelema anu ngaranna Seba bin Bikri, asal ti hiji kota di pagunungan Epraim. Eta jelema ngalawan ka Raja Daud. Serenkeun ka dieu eta saurang, engke ieu kota ku kami ditinggalkeun." "Mangga! Engke sirahna dialungkeun ti luhur kuta!" Ceuk eta awewe.

²² Geus kitu eta awewe teh barempug jeung nu sejen metakeun akalna. Seba dipaehan, sirahna dialungkeun ka Yoab ti luhur kuta. Yoab tuluy niup tarompet, ngajak baladna ninggalkeun eta kota, tuluy mulang ngadeuheus ka raja di Yerusalem.

²³ Ieu jalma-jalma anu parek ka Daud: Yoab panglima perang, Benaya bin Yoyada kapetengan,

²⁴ Adoram kapala rodi, Yosapat bin Ahilud bendahara nagara.

²⁵ Sewa sekretaris nagara, Sadok jeung Abyatar imam,

²⁶ Ira urang Yair imam Raja Daud.

21 ¹Dina hiji mangsa jaman Raja Daud keneh, nagara katarajang paceklik nepi ka tilu taun. Ku Daud diunjukkeun ka PANGERAN. Ari dawuhan PANGERAN, "Eta dilantarankeun ku kasalahan Saul saahli-ahlina bareto, numpes urang Gibon."

²(Urang Gibon teh kaasup bangsa Emor, cacah jiwana teu sabaraha loba, lain urang Israil. Tapi urang Israil mere jangji baris nangtayungan ka maranehna. Ari ku Saul digempur sina beak, supaya ulah nyoro deui kapentingan urang Israil jeung urang Yuda.)

³Ti dinya Daud mariksa ka urang Gibon, saurna, "Coba kumaha pirempug arandika, kami arek nebus kasalahan anu geus dilampahkeun ka arandika, sangkan matak jadi rahmat ka umat PANGERAN."

⁴Ari piunjukna, "Perkawis abdi-abdi sareng Saul saahli-ahlina moal tiasa katebus ku perak atanapi emas. Nanging oge sanes maksad abdi-abdi males pati ka umumna urang Israil." Saur Daud, "Enya, kumaha pihadeeunana?"

⁵Jawab urang Gibon, "Saul kapungkur maksadna ngabasmi ka abdi sadaya, supados di sakuliah Israil ulah aya urang Gibon saurang-urang acan.

⁶Ku margi kitu, mugi Gusti kersa nyerenkeun tujuh urang turunan Saul anu lalaki, bade digantung di payuneun PANGERAN di Gibea, kota pangcalikan Saul, raja anu dipilih ku PANGERAN tea." "Heug, ku kami diserenkeun," waler raja.

⁷Tapi Daud nangtayungan Mepiboset putra Yonatan putu Saul, sabab emut kana ikrar suci antara anjeunna jeung Yonatan.

⁸Anu dicandak keur serenkeuneun nya eta Armoni jeung Mepiboset putra Saul ti parekan anu ngaran Rispa binti Aya, jeung lima deui putu-putu Saul, anak Merab binti Saul anu nikahna ka Adriel bin Barsilai urang Mehola.

⁹Ku Daud diserenkeun ka urang Gibon. Ku urang Gibon terus digarantung di luhur gunung payuneun PANGERAN. Tujuhanana bareng paraeh. Diparaehanana mangsa geus ganti usum, waktu ngamimitian panen hanjeli.

¹⁰Geus kitu Rispa binti Aya urut parekan Saul nyieun sasaungan tina karung dina hiji cadas, nungguan eta mayit-mayit di dinya ti mimiti usum dibuat nepi ka cur usum hujan. Mayit-mayit teh ti beurang dijaga supaya henteu diparacokan ku manuk, ti peuting dijaga supaya henteu dihakan ku sato galak.

¹¹Kalakuan Rispa diuningakeun ka Daud.

¹²Ti dinya Daud angkat ka Gilad nepangan urang Yabes, seja nyandak tulang-taleng Saul jeung Yonatan. (Bareto, sanggeus Saul jeung Yonatan tiwas ku urang Pelisti di Gunung Gilboa tea, layonna ku urang Pelisti dipakukeun kana tembok, ku urang Yabes dipaling ti alun-alun Bet San, tuluy dikurebkeun di Gilad.)

¹³Eta tulang-taleng Saul jeung Yonatan kitu deui tulang-taleng tujuh jelema anu digarantung ku urang Gibon tea ku Daud dicandak.

¹⁴Tulang-taleng Saul jeung Yonatan ku Daud dipiwarang dipendem di makam Kis, rama Saul, di Sela, wewengkon Binyamin. Sanggeusing hal eta dilaksanakeun, tuluy paneda sangkan nagara dileupaskeun tina paceklik, ku Allah dikabul.

¹⁵Sakali mangsa urang Israil perang deui jeung urang Pelisti. Daud oge angkat merangan urang Pelisti, datang ka anjeunna ngaraos nahnay.

¹⁶Jol aya hiji jelema raksasa ngaranna Isbi Benob, nyoren pedang jeung mawa tumbak tambaga anu beuratna meh tilu kilo satengah, ngarah ka Daud.

¹⁷Tapi kaburu katulungan ku Abisai putra ibu Seruya. Eta raksasa diayonan sarta beunang dipaehan. Ti dinya jalma-jalma Daud kapok mawa deui rajana ngiring perang. Piunjukna ka raja, "Gusti teh jadi pangharepan Israil, ulah dugi ka abdi sadaya kaleungitan ku Gusti."

¹⁸Der perang deui ngalawan urang Pelisti di Gob. Di dinya ge aya raksasa, ngaranna Sap. Ieu oge beunang dipaehan ku Sibkai urang Husa.

¹⁹Barang perang deui ngalawan urang Pelisti keneh di Gob, aya deui raksasa anu beunang dipaehan, ngaranna Goliat urang Gat, anu gagang tumbakna kandelna sapihanean. Dipaehanana ku Elhanan bin Yair urang Betlehem.

²⁰Sakali deui perang di Gat. Di dinya ge aya hiji raksasa anu kabeukina gelut. Ramona kabeh genep-genep, ramo leungeun ramo suku genep-genep.

²¹Eta raksasa kacida nyapirakeunana ka urang Israil. Tuluy diayonan ku Yonatan bin Syama saderek Daud, tuluy dipaehan.

²²Eta opat raksasa kabeh turunan raksasa Gat, beak kabeh dipaehan ku Daud sabalandna.

22¹ Sanggeus Daud luput ti Saul tur rahayu ti sakabeh satru, anjeunna nyanggakeun ieu kidung pupujian ka PANGERAN:

² PANGERAN panyalindungan kaula, benteng kaula anu tohaga.

³ Allah teh juru raksa kaula, kaula aman di Mantenna. Lir kepeng, Mantenna mindingan kaula, nangkis bahla, ngamankeun kaula. Mantenna jurusalamet kaula, ngaraksa jeung nyalametkeun kaula tina bahaya.

⁴ Kaula ngajerit ka PANGERAN, seug Mantenna ngabebaskeun kaula ti musuh-musuh. Puji PANGERAN!

⁵ Ombak pati datang ngalingkung, lambak ajal datang ngagulung.

⁶ Bahya maot datang ngepung, kuburan datang naheunan.

⁷ Sajeroning kasukeran, kaula nyambat ka PANGERAN, nyambat pitulung Allah. Sora kaula kadangueun ti gedong-Na, panyambat kaula diregepkeun ku Mantenna.

⁸ Bumi inggeung jagat endag, dasaring langit aroyag sarehing Allah keur wera!

⁹ Haseup meledug tina pangambung-Na, seuneu ngagedag jeung ruhak ruhay nyebrot tina bahan-Na.

¹⁰ Mantenna meulahkeun langit, jut lungsur ngadampal mega kandel.

¹¹ Biur hiber tunggang mukarabin, sumiriwik nitih jangjang angin.

¹² Mantenna nutupan anjeun ku poek,
dikuriling mega kandel pinuh ku cai.

¹³ Ruhak ruhay muncrat hurung, mancawura
tina kilat payuneuna-Na.

¹⁴ Geleger, PANGERAN ngagenta ti angkasa,
geleger soara Allah Nu Maha Kawasa.

¹⁵ Mantenna mentang-mentangkeun
jamparing musuh-musuhna paburisat
tingbalecir disalamberan ku kilat.

¹⁶ Dasar sagara mani nonggerak, alas jagat
jadi ngabuliklak waktu PANGERAN ngahaok
ka musuh-musuhna, sarta ngagaur ka
maranehna lantaran wera.

¹⁷ PANGERAN ti luhur ngahontal ka handap,
kaula dirawel terus dibedol ti cai anu jero.

¹⁸ Mantenna ngajait kaula ti musuh-musuh
anu garagah rosa, jeung ti sakur nu
mikangewa anu leuwih kuat batan kaula.

¹⁹ Eta teh daratang narajang, sajeroning
kaula keur kasusahan. Tapi PANGERAN
sumping nulungan.

²⁰ Mantenna ngahanjatkeun kaula tina
bahla, kaula dirahayukeun, sabab Mantenna
nyauheun.

²¹ Kaula ku PANGERAN diganjar, reh lampah
kaula bener. Dipaparin rahmat, reh kaula
henteu salah.

²² Reh kaula nurut kana papakon PANGERAN,
tara baha ka Allah.

²³ Reh ngesto kana hukum-hukum-Na, tara
ngalawan kana timbalana-Na.

²⁴ Mantenna anu uninga, yen lampah kaula beresih, nyegah diri tina lampah salah.

²⁵ Ngaganjarna ku sabab lampah kaula bener, reh uninga yen kaula henteu salah.

²⁶ Nun PANGERAN, Gusti satuhu ka nu mituhu, satemenna ka nu satemenna.

²⁷ Wening galih ka nu hatena beresih, ngamusuh ka nu misatru.

²⁸ Ngangkat nu hina harkat, nundukkeun anu arangkuh.

²⁹ Nun PANGERAN, Gusti teh sumbering caang, maparin caang ka abdi.

³⁰ Abdi sanggup nempuh musuh, ngacak-ngacak kakuatanana. Reh Gusti nu maparin kakuatan, nu maparin kagagahan.

³¹ Mantenna Allah, sampurna sugri damel-Na, layak dipercaya pangandika-Na! Keur sakur nu nyalindung ka Mantenna, Allah teh lir jadi kepengna.

³² Ngan PANGERAN anu jumeneng Allah. Ngan Allah panyalindungan urang.

³³ Ngan Allah ieu panyalindungan kaula nu teguh, anu ngamankeun jalan kaula.

³⁴ Anu ngawatek suku kaula jadi rikat tinanding peucang, di gunung-gunung taya kakeungkang.

³⁵ Anu ngajiad kaula parigel perang, sanggup metakeun gondewa nu pangheurasna.

³⁶ Nun PANGERAN, Gusti ngauban sareng nyalametkeun abdi, abdi jadi mulya ku pitulung Gusti.

³⁷ Gusti ngajagi sangkan abdi ulah katewak, sarta abdi tacan kantos ragrag.

³⁸ Sapanjang musuh can tumpur, hantem diudag terus digempur.

³⁹ Digeprak teu harudang deui, ngajaloprak di hareupeun abdi.

⁴⁰ Dina perang, Gusti nu maparin kakiatan, tur maparin kaunggulan.

⁴¹ Ku pitulung Gusti, musuh birat ti abdi, sakur nu ngarah seep dibasmi.

⁴² Musuh nareangan pitulung, tapi taya anu sanggup nulung. Seug sasambat ka PANGERAN, tapi henteu diwaleran.

⁴³ Ku abdi diluluh dijieun lebu, dileyek dijieun leutak.

⁴⁴ Abdi parantos ditulungan ti sakur nu ngaralawan. Karajaan abdi jadi lega, abdi ngarajaan bangsa-bangsa. Bangsa anu teu wawuh ge jadi bawahan abdi.

⁴⁵ Bangsa batur ka abdi sarujud, saucap abdi diturut.

⁴⁶ Kalalabur pangacianana, kalaluar ti jero bentengna, awakna pating daregdeg.

⁴⁷ PANGERAN jumeneng! Puji panyalindungan kaula! Celukkeun agungna kakuatan Allah anu nyalametkeun kaula!

⁴⁸ Mantenna nalukkeun musuh kaula, nundukkeun bangsa-bangsa, jadi bawahan kaula.

⁴⁹ Mantenna ngaluputkeun ti anu misatu. Nun PANGERAN, nya Gusti nu ngelehkeun eta

musuh-musuh, anu ka abdi ngaraksa, luput ti tukang ngarogahala.

⁵⁰ Nu mawi abdi muji ka Gusti di lingkungan bangsa-bangsa. Abdi nganyanyikeun pupujian ka Gusti.

⁵¹ Allah maparin kaunggulan langkung-langkung ka raja lisahana-Na! Asih-Na taya petotna, ka raja lisahana-Na, ka Daud sarundayanana, salalanggengna.

23 ¹Daud putra Isai teh ku PANGERAN dipaparin darajat luhur, ku Allahna Yakub diangkat raja. Nya anjeunna anu ngarang Jabur pikeun urang Israil, kacida arendahna. Ari pilahir anjeunna anu pamungkas kieu:

²Roh PANGERAN ngandika ku jalan kaula, amanatna aya dina biwir kaula.

³Kieu sabda Allah Israil ka kaula, nya pilahir Gusti panuyun Israil tea: "Raja anu adil palamarta, anu ngerehna madoman kana sabda Allah,

⁴ibarat surya medal teu kaalingan, lir srangenge ngagebray saentas hujan, jujukutan ngagarenclang kahibaran."

⁵Nya ku lantaran kitu turunan kaula baris ginanjar nugraha Allah. Sabab Mantenna enggeus jangji, jangji nu langgeng abadi. Kitu panyileukan ati, nu bakal ngalantarankeun kaula unggul, tur yakin ku Allah tangtu dikabul.

⁶Sabalikna jalma-jalma jahat mah ibarat cucuk nu kudu dipiceun, moal aya anu bisa nyabak ku leungeun taranjang.

⁷Disingkirkeunana kudu ku pakakas tina beusi, atawa ku tumbak, tuluy diduruk nepi ka beak.

⁸Prajurit-prajurit Daud anu kamashur, nu kahiji Yoseb Basebet urang Tahkemon, lulugu ti "Tri Wirawan". Kungsi ngayonan musuh dalapan ratus, sakali nempuh musuhna beak paraeh ditumbakan.

⁹Nu kadua ti Tri Wirawan nya eta Elasar bin Dodo urang Ahohi. Kungsi manehna dina hiji poe ngabarengan Daud nyanghareupan urang Pelisti anu rek narajang. Urang Israil geus kadeseh mundur.

¹⁰Tapi manehna mah tetep bae tagen ngayonan eta urang Pelisti, nepi ka leungeunna teu bisa dicekahkeun tina hulu pedang. Ku kagagahanana, poe eta PANGERAN ngadamel kaunggulan gede. Sanggeusing eta urang Israil anu geus mundur teh baralik deui ka Elasar, ngarangsadan pakarang musuh anu kasambut.

¹¹Wirawan anu katilu ngaranna Syama bin Age urang Harar. Sakali mangsa urang Pelisti geus aya di Lehi deukeut hiji kebon kacang polong. Urang Israil kalabur.

¹²Syama tetep tagen ngayonan urang Pelisti di eta kebon suuk, nepi ka musuh

beak paraeh. Poe eta PANGERAN ngadamel kaunggulan gede.

¹³Dina hiji mangsa usum dibuat, sabubuhan urang Pelisti keur masanggrahan di Lebak Repaim. Sabot kitu aya tilu prajurit ti prajurit-prajurit anu kamashurkeun "Si Tilu Puluh", marudun ka guha Adulam rek manggihan Daud,

¹⁴anu keur aya di benteng di hiji pasir. Harita Betlehem keur diandih ku urang Pelisti.

¹⁵Daud anu geus sono ka lembur ngalahir, "Hayang teuing kami dipangalakeun cai keur nginum ti sumur deukeut gapura kota Betlehem!"

¹⁶Bral bae eta tilu prajurit teh arindit, tuluy nobros pasanggrahan urang Pelisti, pek nimba ti sumur di Betlehem, caina disanggakeun ka Daud. Tapi ku Daud henteu dileueut, anggur dibahekeun kana taneuh, dibaktikeun ka PANGERAN,

¹⁷bari piunjukna, "Nun PANGERAN, paliyas abdi nginum ieu cai, margi sami sareng nginum getih eta tilu prajurit anu parantos narohkeun jiwana." Nu matak cai teh ku anjeunna henteu dileueut. Kitu kagagahanana eta tilu prajurit teh.

¹⁸Anu jadi kapala "Si Tilu Puluh" nya eta Abisai, putra ibu Seruya, rayina Yoab. Abisai kungsi ngayonan tilu ratus urang Pelisti, sarta eta urang Pelisti teh kabeh tiwas ditumbakan. Abisai kamashur di antara "Si Tilu Puluh".

¹⁹ Malah ti "Si Tilu Puluh" teh pangmashurna, turug-turug jadi pamingpinna. Tapi sangkilang kitu ge mashur keneh "Tri Wirawan" tea.

²⁰ Aya deui prajurit anu kasohor, nya eta Benaya bin Yoyada urang Kabsel. Loba kagagahanana, kaasup tarungna ngalawan dua satria Moab anu baradag. Sarta sakali mangsa keur usum salju, manehna nurunan hiji gorombang terus tarung jeung hiji singa di dinya, singana dipaahan.

²¹ Kungsi deuih niwaskeun hiji urang Mesir anu awakna tangihgul. Musuhna make tumbak, ari manehna ngan make pepentung. Tumbak urang Mesir teh ku manehna dibetot, jos digejoskeun ka nu bogana nepi ka paeh.

²² Kitu kagagahan-kagagahan Benaya di antara "Si Tilu Puluh",

²³ tur manehna anu pangnonjolna. Tapi parandene kitu mashur keneh "Tri Wirawan" tea. Manehna ku Daud dijieun kapetengan pribadi.

²⁴ (23: 24-39) Prajurit-prajurit sejenna anu kaasup ka "Si Tilu Puluh nya eta: Asahel, rayina Yoab; Elhanan bin Dodo, ti Betlehem; Syama jeung Elika, urang Harod; Heles, urang Pelet; Ira bin Ikes, urang Tekoa; Abieser, urang Anatot; Mebunai, urang Husa; Salmon, urang Ahohi; Maherai, urang Netopa; Heleb bin Baana ti Netopa; Itai bin Ribai ti Gibea wilayah kaom Binyamin; Benaya, urang Piraton; Hidai, ti Lebak Gaas; Abi

Albon, urang Arba; Asmawet, urang Bahurim; Eliahba, urang Saalbon; Anak-anak Yasen; Yonatan; Syama, urang Harar; Ahiam bin Sarar, urang Harar; Elipelet bin Ahasbai, urang Maaka; Eliam bin Ahitopel, urang Gilo; Hesrai, urang Karmel; Paarai, urang Arab; Igal bin Natan, urang Soba; Bani, urang Gad; Selek, urang Amon; Naharai, urang Berot, tukang mawa pakarang Yoab; Ira jeung Gareb, urang Yatir; Uria, urang Het; Ieu tilu puluh tujuh urang kabeh prajurit-prajurit anu kamashur.

25 (23: 24)

26 (23: 24)

27 (23: 24)

28 (23: 24)

29 (23: 24)

30 (23: 24)

31 (23: 24)

32 (23: 24)

33 (23: 24)

34 (23: 24)

35 (23: 24)

36 (23: 24)

37 (23: 24)

38 (23: 24)

39 (23: 24)

24¹ Dina hiji mangsa PANGERAN bendu deui ka urang Israil. Mantenna ngangsonan ka Daud sina nyusahkeun ka

Israil. Timbalana-Na ka Daud, "Cacahkeun urang Israil jeung urang Yuda!"

²Daud tuluy marentah ka panglima Yoab, "Maneh jeung para perwira bawahan kudu ngadatangan kaom-kaom Israil di sakuliah nagara, ti tungtung nepi ka tungtung. Itung jiwana, hayang nyaho aya sabaraha."

³Piunjuk Yoab, "Mugia jumlah urang Israil ku PANGERAN Allah Jeng Raja sing didamel saratus kalieun ti ayeuna sareng sing katingali ku Gusti. Naon margina Gusti bet miwarang kitu?"

⁴Tapi raja tetep mageuhan parentahna. Ku sabab kitu Yoab jeung para perwira bawahanana arindit arek nyacahkeun urang Israil.

⁵Sanggeus meuntasan Walungan Yordan, ngarereb heula di wewengkon Arur kidul, kota anu ayana di tengah hiji lebak di wewengkon Gad. Ti dinya tuluy ngaler ka Yaser. Ti Yaser terus

⁶ka Gilad jeung Kades wewengkon urang Het. Ti dinya terus ka Dan. Ti Dan terus ngulon ka Sidon.

⁷Ti Sidon terus ngidul ka Tirus, kota benteng. Ti dinya terus deui ka unggal kota urang Hewi jeung Kanaan. Panganggeusanana ka Bersyeba, wewengkon Yuda kidul.

⁸Sanggeus salapan bulan jeung dua puluh poe, kakara bisa marulang deui ka Yerusalem, sanggeus ngambah sakuliah nagara.

⁹Laporanana diuningakeun ka raja. Hasilna, jalma anu geus manjing wajib militer, ti Israill aya 800.000 urang, ti Yuda aya 500.000 urang.

¹⁰Tapi sanggeusna ngayakeun cacah jiwa manah Daud jadi ratug. Tuluy unjukan ka PANGERAN, "Abdi parantos langkung-langkung nya dosa, parantos midamel kitu. Nun PANGERAN, hapunten kalakuan jisim abdi anu sakitu bodona."

¹¹(24:11-12) Ti dinya PANGERAN nimbalan ka Nabi Gad, juru tingal Raja Daud. Timbalana-Na, "Bejakeun ka Daud, sina milih tina tilu rupa piliheun. Rek milih nu mana bae ku Kami rek diturutkeun." Isukna sanggeus Daud gugah kulem,

¹²(24:11)

¹³Gad nepangan rek ngunjukkeun timbalan PANGERAN. Dina tungtungna kieu saurna, "Bade milih anu mana? Paceklik tilu taun di sakuliah nagara, atanapi Gusti diudag-udag musuh lamina tilu sasih, atanapi sasaland ka nagara tilu dinten? Mangga emut-emut heula teras wartoskeun ka jisim abdi, urang unjukkeun ka PANGERAN."

¹⁴Waler Daud, "Kaula susah kacida milihna. Tapi tinimbang cilaka ku pada jalma, mending pasrah ka PANGERAN, naon bae hukuman ti Mantenna rek ditarima. Mantenna teh sipat welas."

¹⁵Ti dinya eta nagara ku PANGERAN dikeunaan sasalad mimiti ti isuk eta nepi ka beak tempo ti Mantenna tea. Ti sakuliah nagara, ti tungtung nepi ka tungtung, aya 70.000 urang Israil anu tiwas ku eta sasalad.

¹⁶Barang malaikat PANGERAN rek prak ngaruksak ka Yerusalem, ku PANGERAN diwagel ulah diteruskeun. Kieu timbalana-Na ka eta malaikat anu nyabutan nyawa maranehna, "Meujeuh! Geus cukup!" Harita eta malaikat geus aya di pangirikan bogana Arauna urang Yebus.

¹⁷Sanggeus Daud ningalieun ka eta malaikat anu niwaskeun jalma-jalma, anjeunna unjukan ka PANGERAN, "Jisim abdi anu lepatna, anu gaduh dosana. Dipi maranehna mah naon kalepatanana? Mangga hukumanana larapkeun ka jisim abdi sakulawargi."

¹⁸Geus kitu dina poe eta keneh Gad angkat nepangan Daud sarta miunjuk kieu, "Gusti kedah angkat ka pangirikan pun Arauna, kedah ngadegkeun altar di ditu haturan PANGERAN."

¹⁹Daud angkat, tumut kana timbalan PANGERAN anu diandikakeun ka Gad.

²⁰Barang nenjo aya raja sapangiringna keur naranjak ka manehnakeun, gancang Arauna mapagkeun, tuluy sujud kana taneuh payuneun Daud,

²¹ pok miunjuk, "Gusti, bade aya pikersaeun naon rurumpaheun sumping ka jisim abdi?" Waler Daud, "Kami hayang meuli ieu pangirikan maneh, rek diadegan altar haturan PANGERAN, sangkan sasalad eureun."

²² "Sumangga Gusti, candak bae!" tembal Arauna. "Mangga haturkeun kurban ka PANGERAN sakumaha kapalay Gusti. Sapi kurbankeuneun kana altar mangga nyandak sacekapna. Sarawuh ieu pasangan-pasangan sareng ieu seredan pangirikan mangga kasanggakeun kangge suluhna."

²³ Sok barang-barangna disanggakeun ka raja, pok deui Arauna unjukan, "Mugi-mugi kurban Gusti ditampi ku PANGERAN, Allah Sang Raja."

²⁴ Waler raja, "Entong kitu. Ku kami rek dibayar sakumaha pantesna. Kami seja ngurban ka PANGERAN Allah kami teh hayang beunang meuli, ulah beunang pamere." Tuluy eta pangirikan jeung anak sapi kurbankeuneun teh ku anjeunna digaleuh lima puluh gebleg perak.

²⁵ Geus kitu prak anjeunna ngadegkeun altar haturan PANGERAN, ti dinya ngahaturkeun kurban beuleuman jeung kurban karapihan. Sanggeusing kitu PANGERAN ngamakbul kana paneda anjeunna, rep sasalad eureun.

1 Raja-raja

1 ¹Raja Daud geus kacida sepuhna, salirana kudu dikampuhan bae, tapi kitu ge salirana teu haneut-haneut.

² Mantri-mantrina arunjukan, "Gusti, saena mah Gusti teh aya anu ngamemenan ulah petot-petot, sareng kedah aya anu ngarencangan ebog supados haneut. Bade dipangmilariankeun budak parawan."

³ Seug dipangmilariankeun mojang geulis ti sakuliah Israil. Manggih di Sunem, ngaranna Abisag.

⁴ Nyi mojang teh teuing ku geulis, tuluy dideuheuskeun ka raja, dibakukeun ngamemenan jeung maturan ebog wungkul, ku raja teu ditemahan.

⁵ (1: 5-6) Sanggeus Absalom teu aya, putra Daud anu pangageungna tinggal Adonia, putra ti Hagit. Ieu oge kasep pisan. Saumurna ku Daud tara pisan diseuseul atawa digetrik-getrik. Adonia hayangeun jadi raja, tuluy nyadiakeun kareta jeung kudana katut pangawal pribadi lima puluh urang.

⁶ (1: 5)

⁷ Ti dinya ngajak pasini ka Yoab putra ibu Seruya jeung ka Imam Abyatar. Aranjeunna nyatujuan jeung sanggup ngabantu.

⁸Imam Sadok, Benaya bin Yoyada, Nabi Natan, Simei, Rei, jeung kapetengan raja henteu pipilueun.

⁹Dina hiji poe Adonia ngayakeun kurban domba, sapi jalu jeung anak sapi anu lalintuh di hiji tempat anu ngaranna Cadas Oray deukeut cinyusu En Rogel, ngondangan rayi-rayina putra-putra raja anu pameget jeung para mantri raja urang Yuda.

¹⁰Ari Suleman raina, Nabi Natan, Benaya, jeung pangawal pribadi raja mah henteu diondang.

¹¹Nabi Natan misaur ka Batseba, "Parantos kenging wartos? Adonia putra Hagit ngarajakeun anjeun! Gusti urang, Daud, teu uningaeun!

¹²Supados Nyi Raja sareng putra Suleman salamet, Bapa seja ngemutan.

¹³Enggal deuheusan Sang Raja, saurkeun, Gusti teh sanes parantos ikrar yen pun anak Suleman bade dijenengkeun raja, gegentos Gusti? Geuning ayeuna Adonia anu jadi raja?"

¹⁴Saur Natan deui, "Engke sabot Nyi Raja unjukan, Bapa ge bade ngadeuheus nimpalan pihatur."

¹⁵Batseba angkat nepangan raja, sup ka pajuaran. Raja teh geus sepuh pisan, keur dimemenan ku nyi Abisag urang Sunem.

¹⁶Batseba nyampoyong dat nyembah. Ku raja dipariksa, "Aya naon, Nyai?"

¹⁷ Pok ngawangsul, "Gusti panutan!

Kapungkur Gusti parantos ikrar kalayan nyebat pajenengan PANGERAN, Allah panutan Jeng Raja, yen Suleman tangtos didamel raja gegentos Gusti.

¹⁸ Ayeuna anu jadi raja teh Adonia. Gusti teu uninga!

¹⁹ Anjeunna parantos ngadamel kurban pirang-pirang sapi, domba sareng anak sapi anu lalintuh, ngondangan putra-putra anu pameget, Imam Abyatar, sareng Panglima Yoab. Putra Gusti mah Suleman henteu diondang.

²⁰ Gusti panutan, bangsa Israil nuju ngajeng-
ngajeng timbalan, harayang terangeun saha
anu bakal jadi raja gegentos Gusti.

²¹ Upami henteu enggal-enggal diumumkeun
ayeuna, engke saparantos Gusti ngantunkeun,
abdi sareng pun anak Suleman bakal disebat
hianat."

²² Sabot Batseba unjukan, Natan sumping
ka karaton.

²³ Sanggeus diuningakeun ka raja, Nabi
Natan lebet, dat nyembah.

²⁴ Ti dinya pok mihatur, "Nun Gusti Sang
Raja, dupi Adonia jadi raja gegentos Gusti
teh, Gusti anu ngersakeun?

²⁵ Dinten ieu Adonia parantos meuncit
pirang-pirang sapi, domba sareng anak
sapi kabiri, ngondangan putra-putra raja
anu pameget, Panglima Yoab, sareng Imam

Abyatar. Ayeuna aranjeunna nuju pesta ngawilujengkeun Adonia, Wilujeng Raja Adonia!

²⁶ Abdi mah kitu deui Imam Sadok, Benaya, sareng Suleman, henteu dibantun-bantun.

²⁷ Naha eta teh parantos pangersa Gusti, kalayan teu diwartoskeun heula ka para gegeden, saha raja gegentos Gusti teh?"

²⁸ Raja ngadawuh, "Batseba sina lebet deui." Batseba lebet deui, ngadeg di payuneun raja deui.

²⁹ Ti dinya raja ngalahir ka anjeunna, "Kami jangji ka Nyai, demi jumenenging PANGERAN anu geus ngajait kami tina sagala bancang pakewuh,

³⁰ yen poe ieu kami seja ngabuktikeun jangji kapungkur ka Nyai kalayan nyebut pajenengan PANGERAN Allahna Israil, yen Suleman anak Nyai, jadi raja gaganti kami!"

³¹ Batseba nyembah, pok miunjuk, "Mugia Gusti panutan wilujeng sapapaosna!"

³² Geus kitu raja nimbalan ngangkir Imam Sadok, Nabi Natan, jeung Benaya. Sanggeus eta sarumping,

³³ raja nimbalan, "Putra kami Suleman tumpakkeun kana bigal titihan kami, anteurkeun ku maraneh jeung para gegeden karaton kami ka Cinyusu Gihon.

³⁴ Lisahan di ditu ku Sadok jeung Nabi Natan, angkat raja nyangking Israil. Tiup

tarompet tuluy surakkeun, Wilujeng Raja Suleman!

³⁵ Anteurkeun deui ka dieu, sina nyalikan tahta kami. Suleman nu jadi raja gaganti kami. Suleman anu ku kami geus ditangtukeun bakal jadi raja nyangking Israil jeung Yuda."

³⁶ Ngawangsul Benaya, "Amin. Timbalan tangtos laksana. Mugi diteguhkeun ku PANGERAN, Allah Jeng Raja.

³⁷ Mugi Mantenna nyarengan ka Suleman, sakumaha nyarengan ka Gusti Jeng Raja. Sareng mugia jaman pamarentahan Suleman langkung jembar ti batan jaman Jeng Gusti."

³⁸ Suleman dititihkeun kana bigal titihan Raja Daud, terus diiring ku Sadok, Natan, Benaya, jeung para pangawal pribadi raja, dianteurkeun ka Cinyusu Gihon.

³⁹ Ti dinya Imam Sadok ngaluarkeun wadah minyak jetun candakna ti Kemah Tepangan PANGERAN. Seug Suleman dilisahan. Geus kitu tarompet ditiu, ger jalma-jalma sarurak, "Wilujeng Raja Suleman!"

⁴⁰ Suleman diiring, jalma-jalma teu eureun-eureun surak dibarung ku sora suling, ngageder mani asa eundeur jagat.

⁴¹ Sora anu sakitu ngagederna karungu ku Adonia jeung para ondangan anu kakara reres dalahar. Yoab curinghak seug mariksa, "Aya naon di dayeuh mani ngageder?"

⁴² Tacan tutup sasauranana, dumadakan jol Yonatan bin Abyatar norojol. Dihiap ku Adonia, "Kadieu asup! Andika jalma sinatria, tangtu mawa beja alus."

⁴³ Tembal Yonatan, "Nu mawi sanes! Leresna mah Raja Daud parantos ngangkat Suleman jadi raja.

⁴⁴ Raja nimbalan ka Sadok, Natan, Benaya, sareng kapetengan raja supados ngaping Suleman. Suleman ditunggangkeun kana bigal titihan raja.

⁴⁵ Ayeuna Suleman parantos dilisahan di Cinyusu Gihon ku Sadok sareng Natan, parantos jadi raja. Parantos marulih deui ka dayeuh, diiring ku nu salusurakan. Anu kadarangu bieu teh sora eta.

⁴⁶ Suleman ayeuna parantos jumeneng raja.

⁴⁷ Sadaya gegeden karaton nawiskeun sumujudna ka Raja Daud, salaurna, Mugia Allah Jeng Gusti ngersakeun Suleman langkung kamashur batan Jeng Gusti. Mugia jaman pamarentahanana langkung jembar ti batan jaman Jeng Gusti. Saparantos kitu Raja Daud sujud di pajuaran,

⁴⁸ sembahyang, Maha Agung PANGERAN Allah Israil. Gusti dinten ieu parantos ngangkat pun anak Suleman, jadi raja gegentos abdi, tur abdi kawidian tiasa keneh nyaksian."

⁴⁹ Tamu-tamu Adonia pohara ngagarebegna, tuluy budal baralik.

⁵⁰ Ari Adonia anu kacida sieuneunana ku Suleman gura-giru muru ka Kemah Tepangan PANGERAN, tuluy nangkeup kana tatandukan altar.

⁵¹ Raja Suleman diuningaan, "Adonia sieuneun ku Gusti. Ayeuna nuju nanangkeup tatandukan altar sarta saurna, Unjukkeun ka Suleman, mugi anjeunna jangji kituh yen moal maehan ka kami."

⁵² Raja Suleman ngawaler, "Lamun enya rek satia, buukna salambar moal diganggu. Sabalikna lamun kanyahoan boga niat jahat, tan wande dipaahan."

⁵³ Adonia ku Suleman dipiwarang diala, diturunkeun tina altar. Gancangna Adonia geus aya di payuneun Suleman, bruk nyuuh di payuneunana. Ti dinya raja ngalahir, "Maneh meunang balik."

2¹ Daud geus ngaraos tereh puput yuswa.
2² Seug wewekas ka Suleman putrana.

Saurna,

²"Ama teh geus tereh dipundut nya umur. Hidep masing teger, sing jadi lalaki.

³Jaga sagala pangersa PANGERAN, Allah panutan hidep. Tuturkeun hukum-hukum jeung sagala parentah-Na anu kaungel dina Hukum Musa, sangkan jamuga di mana-mana, mulus dina sagala lampah.

⁴Lamun hidep tetep sumujud ka PANGERAN, jangji Mantenna ka Ama bakal laksana, sakumaha timbalana-Na yen upama

turunan Ama nurut terusing ati kana sagala timbalana-Na, anak incu Ama tan wande moal aya pegatna ngarajaan di Israil.

⁵ Jeung hidep tangtu inget keneh, kumaha kalakuan Yoab ka Ama, maehan Abner bin Ner jeung Amasa bin Yeter, dua panglima Israil. Maehanana dina usum kerta, mangmaleskeun jelema-jelema anu tiwas ku eta panglima dina perang. Jadi Yoab geus maehan jelema teu karana sabab, Ama nu katempuhan susahna jeung balukarna.

⁶ Hidep tangtu hideng kudu kumaha, sangkan eta jelema paehna ulah paeh sakumaha biasa.

⁷ Ama titip anak-anak Bapa Barsilai urang Gilad, rawatan sing hade-hade. Kacida balageurna eta teh ka Ama, basa Ama keur kakaburan nyinkahan Absalom.

⁸ Aya saurang deui, Simei bin Gera urang Bahurim wewengkon Binyamin. Manehna geus nyumpahan ka Ama lakkak dasar basa Ama keur ka Mahanaim. Basa Ama arek mulang, manehna mapagkeun ka Walungan Yordan. Ama harita jangji nyebut pajenengan PANGERAN yen manehna ku Ama moal dipaehan.

⁹ Tapi ku hidep mah ulah diantep, kudu dihukum, ulah nepi ka luput tina hukum paeh. Hidep tangtu terang kudu kumaha."

¹⁰ Gancangna Daud geus pupus, dikurebkeun di Kota Daud.

¹¹ Ari ngarajaanana kabehna opat puluh taun. Tujuh taun di Hebron, tilu puluh tilu taun di Yerusalem.

¹² Tahta karajaan diteruskeun dicangkingna ku Suleman putrana, sarta eta karajaan jadi kacida reugreugna.

¹³ Hiji mangsa Adonia putra Hagit datang ka Batseba ibu Suleman. "Hidep ka dieu teh naha reujeung niat hade?" Batseba mariksa. "Leres," jawabna,

¹⁴ sarta pokna deui, "Abdi teh bade nyuhunkeun tulung." "Nyuhunkeun tulung kumaha?" saur Batseba.

¹⁵ Walon Adonia, "Ibu uninga, sayak tosna anu kedah jadi raja teh abdi. Kitu kahayang urang Israil mah. Mung benten jadina, anu jadi teh bet pun adi, Suleman, da kitu dikersakeunana ku PANGERAN.

¹⁶ Mung aya anu bade disuhunkeun saperkawis, mugi ku Ibu ulah teu ditampi."

¹⁷ Saur Batseba, "Cik surkeun." Adonia, "Pangunjukkeun ka Raja Suleman, da Ibu mah moal teu didangu. Abdi teh hoyong ka Nyi Abisag, bade disuhunkeun seja dipibojo."

¹⁸ "Heug," saur Batseba, "ku Ibu urang unjukkeun ka raja."

¹⁹ Ti dinya Batseba nepangan raja rek ngunjukkeun pamenta Adonia. Raja ngadeg dat nyembah ka ibuna. Gek deui linggih dina tahta, ibuna dipangnyandakkeun korsi sina calik di tengeneunana.

²⁰Ibuna ngalahir, "Ibu teh sumeja nyuhunkeun sih citeres Enung saeutik, mugi katampi." Waler raja, "Sumangga Ibu, naon pamundut teh? Ku putra sumeja dicumponan."

²¹Piunjuk ibuna, "Raka Enung Adonia nyuhunkeun Nyi Abisag, sejana dipibojo."

²²Ngawaler raja ka ibuna, "Naha Ibu mung mundut Abisag kangge Adonia? Pangmundutkeun tahta bae sakalian, da anjeunna teh dulur abdi saluhureun, tur disokong ku Yoab sareng Imam Abyatar!"

²³Geus kitu Suleman ikrar nyebat pajenengan PANGERAN, saurna, "Mugia abdi ulah jamuga ti Allah saupami pamenta Adonia sarupi kitu ku abdi henteu dibales!"

²⁴Abdi ku PANGERAN parantos diteguhkeun ngasta tahta kangjeng rama, Daud. PANGERAN parantos ngalaksanakeun eta jangji, ieu karajaan parantos dipaparinkeun ka abdi turun-tumurun. Demi PANGERAN anu jumeneng, dinten ieu keneh Adonia baris pegat nyawana!"

²⁵Ti dinya raja nimbalan ka Benaya; timbalanana dilaksanakeun, Adonia dipaahan.

²⁶Jeung raja nimbalan ka Imam Abyatar, saurna, "Bapa mulang bae ka lembur, ka Anatot. Saenyana Bapa manjing hukum pati, ngan ayeuna mah kaula henteu hayang maehan, sabab Bapa kungsi ngurus Peti Perjangjian PANGERAN, jeung kungsi bela

tumutur milu sangsara jeung kangjeng rama,
Daud."

²⁷ Seug Abyatar ku Suleman dipocot, henteu jadi imam PANGERAN deui. Ku hal eta laksana pangandika PANGERAN basa di Silo perkara papasten Imam Eli turun-tumurun.

²⁸ Ari Yoab (anu nyokong ka Adonia tapi henteu nyokong ka Absalom), ngadangu hal eta teh kacida sieuneunana. Geblus bae lebet ka Kemah Tepangan PANGERAN, kerewek nangkeup kana tatandukan altar.

²⁹ Diuningakeun ka Raja Suleman yen Yoab mubus ka Kemah Tepangan sarta nangkeup altar. Suleman miwarangan mariksa ka Yoab naon sababna lumpat kana altar. Saur Yoab, nu matak lumpat ka PANGERAN teh lantaran sieun ku Suleman. Ti dinya Suleman nimbalan ka Benaya sangkan Yoab dipaehan.

³⁰ Leos Benaya ka Kemah Tepangan, pok misaur ka Yoab, "Timbalan raja, andika geura kaluar!" Waler Yoab, "Moal, hayang paeh di dieu!" Benaya ngadeuheus deui ka raja ngunjukkeun kasauran Yoab.

³¹ Ari saur Suleman, "Laksanakeun sakumaha omongan Yoab. Paehan! Kubur! Sangkan kami atawa anak incu kami ulah dikukuntit ku dosana, anu geus maehan jelema-jelema taya sabab.

³² PANGERAN anu ngabales dosana maehan, anu dilampahkeunana kalawan Ama kami Daud teu uningaeun. Yoab geus maehan

dua jelema anu henteu salah naon-naon tur leuwih hade ti batan dirina sorangan: Abner bin Ner panglima perang Israil, jeung Amasa bin Yeter panglima perang Yuda.

³³ Patina eta dua panglima kudu tumerap ka Yoab saanak incu. Mugia sakur putra putu Daud anu nyalikan tahtana sing ginanjar rahmat PANGERAN sapapanjangna."

³⁴ Ti dinya Benaya indit ka Kemah Tepangan PANGERAN, sarta Yoab ku anjeunna dipaehan di dinya, tuluy dimakamkeun di bumina, di luar kota.

³⁵ Ari Benaya ku Suleman diangkat jadi panglima gaganti Yoab, Sadok diangkat jadi imam gaganti Abyatar.

³⁶ Geus kitu raja miwarang ngala Simei. Dawuhan raja ka Simei, "Maneh kudu cicing di dieu di Yerusalem, pek nyieun imah. Ati-ati, teu meunang kaluar-luar ti kota.

³⁷ Lamun kaluar nepi ka meuntas Walungan Kidron, tangtu dipaehan, salah maneh sorangan."

³⁸ "Timbalan katampi, sumeja diestokeun," walon Simei. Ti harita Simei matuh di Yerusalem.

³⁹ Pareng dina hiji mangsa sanggeus meunang tilu taun, badega Simei minggat duaan, minggatna ka Akis bin Maaka raja di Gat. Sanggeus meunang laratan yen badegana maringgat ka ditu,

⁴⁰Simei nyelaan kalde, bral indit ka Raja Akis rek nyokot badegana. Geus kitu mulang deui, badegana kabawa.

⁴¹Sanggeus eta kalakuan Simei kauninga ku Raja Suleman,

⁴²raja miwarang nyaur Simei, tuluy ngalahir kieu, "Maneh ku kami geus dilarang demi PANGERAN, teu meunang kaluar ti Yerusalem. Samangsa-mangsa kaluar tangtu dipaehan. Lain maneh teh geus satuju rek ngestokeun?

⁴³Ku naon ingkar tina eta jangji jeung ngalanggar larangan kami?

⁴⁴Maneh nyaho sorangan kumaha kasalahan maneh ka rama kami Daud. Eta kalakuan maneh masing dihukum ku PANGERAN.

⁴⁵Muga kami dirahmat ku Mantenna, karajaan Daud masing aman santosa sapapanjangna."

⁴⁶Ti dinya raja nimbalan ka Benaya. Gancangna Simei geus dipaehan. Karajaan Suleman beuki reugreug.

3¹Suleman migarwa putri putra raja Mesir, jadi wawargian jeung raja eta nagara. Garwana dicandak ka Kota Daud, bari ngantos anggeusna karaton, Bait Allah, jeung kuta Yerusalem sakuriling.

²Nepi ka mangsa harita, Bait Allah tacan aya; jalma-jalma ana ngurban sok make altar di mana bae.

³Suleman kacida sumujudna ka PANGERAN, tur tuhu kana wasiat Daud ramana.

Anjeunna oge ari meuncit kurban jeung ngurbankeunana sok nganggo altar di mana bae.

⁴Dina hiji mangsa anjeunna angkat ka Gibon seja ngurban, sabab Gibon teh enggon ngurban pangkamashurna. Di dinya anjeunna geus ngurbankeun mangratus-ratus sapi, didamel kurban beuleuman.

⁵Peutingna PANGERAN nembongan ka anjeunna dina impenan, sarta nimbalan kieu, "Maneh hayang dibere naon ku Kami?"

⁶Waler Suleman, "Gusti parantos sakitu mikaasihna ka Daud pun bapa, abdi Gusti tea. Sawangsulna pun bapa sumujud satia ka Gusti. Kaasih Gusti ka pun bapa mayeng teu aya kendatna, dugi ka maparin anak anu ayeuna neraskeun tahtana.

⁷Nun GUSTI Allah, Gusti parantos ngersakeun jisim abdi jadi raja neraskeun pun bapa. Mung abdi teh teu terang aturan marentah, kawantos sakieu nya ngora keneh.

⁸Dipi anu kedah diatur teh umat pilihan Gusti, tur sakitu seueurna dugi ka henteu kaetang.

⁹Ku margi kitu abdi sumeja nyuhunkeun kapinteran sacekapna, supados tiasa ngatur umat Gusti kalayan adil palamarta, terang nu sae nu awon. Upami teu kitu, kedah kumaha diaturna eta umat Gusti anu sakitu seueurna?"

¹⁰PANGERAN kalintang sukana ngadangu pamundut Suleman kitu,

¹¹Iajeng nimbalan, "Maneh menta kapinteran geusan marentah kalawan bener, lain menta umur panjang, lain menta kabeungharan, lain menta pati musuh.

¹²Pamenta maneh ku Kami dimakbul. Maneh bakal boga kapinteran jeung kawijaksanaan, leuwih ti nu saheulaeun kitu deui ti nu sapandeurieun.

¹³Malah anu teu dipenta ge ku Kami rek dipaparin, boh kabeungharan, boh kamulyaan, saumur-umur, moal katepi ku raja-raja lian.

¹⁴Jeung upama maneh nurut tur pengkuh nyekel papakon-papakon Kami cara Daud bapa maneh, tangtu dipanjangkeun umur ongkoh."

¹⁵Nyah Suleman gugah, horeng tas ngimpen kenging timbalan Allah. Geus kitu anjeunna mulih ka Yerusalem, tuluy ngadeg hareupeun Peti Perjangjian PANGERAN, ngahaturkeun kurban beuleuman jeung kurban karapihan ka PANGERAN, ti dinya mestakeun para gegeden.

¹⁶Dina hiji poe Raja Suleman dideuheusan ku dua awewe bangor.

¹⁷Pok anu saurang unjukan, "Gusti Sang Raja, abdi sareng ieu batur cicing sarorompok. Abdi ngajuru di manehna, di eta rorompok.

¹⁸ Heuleut dua dinten saparantos abdi, ieu batur oge ngajuru. Dupi di rorompok teh mung abdi bae duaan teu aya deui anu sanes.

¹⁹ Cilaka, hiji wengi anak ieu batur maot kaheumpikan ku manehna.

²⁰ Tengah wengi manehna lilit, abdi jongjon mondok, pun anak ku eta dihilikeun sareng anakna.

²¹ Enjingna barang abdi hudang bade nyusuan, geuning budak teh maot. Teras ditelek-telek, horeng eta mah sanes anak abdi!"

²² Nu saurang deui nambalang, "Ngaco! Anu paeh teh anak maneh, anak kami mah hirup!" Ceuk nu kahiji, "Maneh anu ngaco! Nu hirup teh anak kami, anu paeh anak maneh!" Tuluyna patorong-torong payuneun raja.

²³ Raja Suleman ngalahir, "Masing-masing ngaku anu paeh anak si eta, anu hirup anak kami."

²⁴ Seug anjeunna mundut pedang. Song dihaturkeun.

²⁵ Anjeunna nimbalan, "Ieu orok beulah dua, bagikeun sabeulah sewang!"

²⁶ Indung benerna, da puguh ka anak, geuwat unjukan ka raja, "Duh gusti, tinimbang dipaehan mah sawios pasihkeun bae ka ieu batur, ulah dipaehan!" Ari ceuk nu saurang deui, "Mangga bae beulah dua, tong dipasihkeun ka itu ka ieu."

²⁷ Nimbalan Raja Suleman, "Tong dipaehan! Bikeun eta orok ka nu ulaheun orokna dipaehan. Ema indung benerna."

²⁸ Putusan anjeunna kitu kagurnita ka urang Israil. Atuh maranehna jadi kacida alajrihna ka rajana, geus nyarahoeun yen rajana ku Allah dipaparin kapinteran enggoning mutus perkara kalawan adilna.

4 ¹Suleman geus jumeneng raja sakuliah nagri Israil.

²Pajabat-pajabat luhurna nya eta: Imam: Asarya putra Sadok.

³Sekretaris nagara: Elihorep jeung Ahia, putra Sisa. Bendahara nagara: Yosapat bin Ahilud.

⁴Panglima perang: Benaya bin Yoyada. Imam-imam: Sadok jeung Abyatar.

⁵Kapala para bupati: Asarya putra Natan. Jurunasehat raja: Imam Sabud putra Natan.

⁶Kapala rumah tangga karaton: Ahisar. Kapala rodi: Adoniram bin Abda.

⁷Pikeun di sakuliah Israil, Suleman ngangkat dua belas gupernur, nu diwajibkeun ngayakeun bahan pangan pikeun raja saeusi bumi ti cangkinganana masing-masing, kagiliranana sabulan sakali saban taun.

⁸Ieu ngaran-ngaran eta dua belas pajabat jeung daerah cangkinganana: Ben Hur, nyangking kota-kota pagunungan Epraim.

⁹Ben Deker, nyangking kota-kota Makas, Saalbim, Bet Semes, Elon, jeung Bet Hanan.

¹⁰ Ben Hesed, nyangking kota Arubot, Soko, jeung sawewengkon Heper.

¹¹ Ben Aminadab, anu nikah ka Tapat binti Suleman, nyangking satanah Dor.

¹² Baana bin Ahilud, nyangking kota-kota Taanak, Megido, sakuliah wewengkon deukeut Bet San, deukeut kota Sartan, kiduleun Yisrel nepi ka Abel Mehola jeung kota Yokmeam.

¹³ Ben Geber, nyangking kota Ramot di Gilad jeung desa-desa di Gilad padesaan bani Yair turunan Menase, wewengkon Argob di Basan anu kabehna aya genep puluh dayeuh gede tur reugreug marake kuta jeung panto tambaga.

¹⁴ Ahinadab bin Ido, nyangking distrik Mahanaim.

¹⁵ Ahimaas anu nikah ka Basmat binti Suleman, nyangking wewengkon Naptali.

¹⁶ Baana bin Husai, nyangking wewengkon Aser jeung Bealot.

¹⁷ Yosapat bin Paruah, nyangking wewengkon Isaskar.

¹⁸ Simei bin Ela, nyangking wewengkon Binyamin.

¹⁹ Geber bin Uri, nyangking wewengkon Gilad anu kungsi dierah ku Raja Sihon urang Emor jeung ku Raja Og urang Basan. Aya deui hiji gupernur, anu ngagupernuran sakuliah tanah.

²⁰ Urang Yuda jeung urang Israil lobana geus kawas keusik basisir, tur teu kurang dahareun teu kurang inumeun, baragja hirupna.

²¹ Ari legana karajaan Suleman ngawengku sakabeh bangsa ti semet Walungan Eprat nepi ka tanah Pelisti jeung wates nagara Mesir. Sapanjang anjeunna jumeneng, eta bangsa-bangsa anu kaereh ku anjeunna kabeh malayar upeti.

²² Ari bahan dahareun anu dipikabutuh ku Suleman sapoe-sapoena tilu puluh pikul tipung lemes, genep puluh pikul tipung badag,

²³ sapuluh sapi kabiri, dua puluh sapi angon, saratus domba, jaba mencek, uncal, peucang jeung hayam kabiri.

²⁴ Anu kaereh ku Suleman teh sakuliah tanah kuloneun Walungan Eprat, mimiti ti Tipsa di wewengkon Eprat terus ka kulon nepi ka Gasa. Raja-raja nu aya di kuloneun Eprat kabeh kaereh ku anjeunna, tur aman kerta ti sakabeh nagara sakurilingna.

²⁵ Sapanjang anjeunna jumeneng, di sakuliah Yuda jeung Israil, rahayat hirupna aman santosa, saban rumah tangga baroga kebon anggur jeung kebon kondang sorangan.

²⁶ Suleman kagungan kuda opat puluh rebu gedogan, paranti narik kareta, jeung dua belas rebu serdadu kuda.

²⁷ Gupernurna anu dua belas, unggal bulan masing-masing kagiliran nganteuran bahan

dahareun ka Raja Suleman, keur anjeunna jeung sakur anu aya di karaton. Kitu bae salawasna, ngalanteuran sagala bahan kaperluan.

²⁸Jaba ti eta tiap gupernur nganteuran jawawut jeung jarami pikeun kuda anu narik kareta jeung pikeun sato-sato momot.

²⁹Suleman ku Allah dipaparin kapinteran, panemu jeung pangaweruh anu luar biasa, teu bisa kaukur.

³⁰Kapinteran Suleman leuwih-leuwih ti batan bujangga-bujangga Tatar Wetan atawa bujangga-bujangga Mesir.

³¹Dina sual kapinteran, anjeunna leuwih-leuwih ti sakabeh jelema, ngungkulon Etan urang Esrah, ngungkulon Kalkol jeung Darda putra-putra Makol, kagurnita ka saban nagara tatangga.

³²Anjeunna ngarang tilu rebu siloka, kitu deui kidung-kidung leuwih ti sarebu rupa.

³³Iasa medar hal tatangkalan jeung tutuwuhan, mimiti tina hal kai kiputri Libanon nepi ka hisop anu jadi dina tembok; iasa medar hal sasatoan, bangsa manuk-manuk, bangsa reptil, jeung bangsa lauk.

³⁴Kapinteranana kagurnita ka sakabeh raja saalam dunya, seug raja-raja teh ngaririm utusan seja marulung hikmahna.

5¹Raja Hiram ti nagara Tirus mitra Daud. Ngadangu Suleman jadi raja neriskeun

tahta Daud ramana, anjeunna ngintun utusan.

²Suleman ngabalesan, saurna,

³"Sakumaha Sang Raja uninga, pun Bapa Daud jenatna teu tiasa prak ngadamel gedong sembahyang haturkeuneun ka PANGERAN Allahna, balas digoda ku perang ngalawan musuh ti nagara-nagara sakurilingeunana, dugi ka eta musuh-musuh teh areleh kalayan pitulung PANGERAN.

⁴Dupi sim kuring, kalayan rahmat PANGERAN Allah panutan, pinareng tiasa jongjon, kerta sakuliah nagara, suwung musuh, ti luar taya nu baris narajang.

⁵Ka jenatna pun bapa kapungkur PANGERAN parantos ikrar, timbalana-Na, Gedong pikeun Kami teh engke dijieunna ku anak maneh, anu ku Kami bakal dijieun raja gaganti maneh. Sim kuring parantos gilig bade ngadegkeun eta gedong paranti sembahyang ka PANGERAN Allah sim kuring.

⁶Ku margi eta seja nyuhunkeun pitulung, nyuhunkeun jalmi-jalmi, kangge mangnuarankeun kayu kiputri ti Libanon. Tangtos engke dibantuan ku jalmi-jalmi sim kuring, sareng jalmi-jalmi ti Sang Raja tangtos ku sim kuring dibayar sakumaha pamundut. Sang Raja langkung uninga, jalmi-jalmi sim kuring kirang tariasa nuar kai sapertos jalmi-jalmi Sang Raja."

⁷ Raja Hiram kacida sukaeunana nampi pamundut Suleman. Pok ngalahir, "Sagala puji poe ieu ka PANGERAN, anu ka Daud geus maparin putra sakitu pinteran, gegentos ngarajaan bangsa anu sakitu gedena."

⁸ Raja Hiram ngintunkeun waleran ka Suleman, "Amanat Jeng Rayi parantos katampi. Sapamundut Jeng Rayi perkawis kayu kiputri sareng kijamuju sumeja dicumponan, tangtos disayagikeun.

⁹ Kayu-kayu golondonganana baris diturunkeun ti gunung Libanon ka laut, dibeungkeut didamel rakit-rakit, diteraskeun jalan laut dongkap ka basisir anu parantos ditangtoskeun ku Jeng Rayi. Sadongkapna ka eta basisir, beungkeutanana bade dipangmukaankeun, kantun dikunjalan ku jalmi-jalmi Jeng Rayi. Ti pihak Jeng Rayi disuhunkeun supados maparin bahan dahareun ka jalmi-jalmi ti Akang."

¹⁰ Geus kitu Hiram ka Suleman mere kai kiputri jeung kijamuju golondongan sakumaha anu dipikahoyong ku Suleman.

¹¹ Sabalikna Suleman saban taun ka Raja Hiram ngintun 322.500 kilogram gandum jeung 4.400 liter minyak jetun murni pikeun jalma-jalmana.

¹² PANGERAN ngalaksanakeun jangji-Na ka Suleman, maparin kapinteran. Hiram jeung Suleman nepi ka sosobatan.

¹³Ti dinya Suleman ngerid tilu laksa jelema ti sakuliah Israil sina digarawe,

¹⁴dikapalaan ku Adoniram. Ku manehna anu digarawe teh dibagi tilu rombongan salaksa-salaksa. Tiap rombongan digawekeunana sabulan di Libanon, dua bulan pikeun di imah.

¹⁵Jaba ti eta Suleman ngagawekeun dalapan laksa jelema sina ngaralian batu di gunung-gunung, jeung tujuh laksa tukang nanggungna.

¹⁶Mandorna aya tilu rebu tilu ratus urang.

¹⁷Suleman miwarang ngadungkaran batu-batu galedé pikeun pademen Bait Allah.

¹⁸Geus kitu jelema-jelema Suleman, jelema-jelema Hiram jeung dibarengan ku jelema-jelema urang Gebal, mimiti ngararancang kayu jeung batu baris ngadegkeun Bait Allah.

6 ¹Nincak taun kaopat ratus dalapan puluh ti sanggeus urang Israil budal ti Mesir, dina taun kaopat Suleman jumeneng raja di Israil, dina bulan Sip atawa bulan kadua, Suleman mimiti ngadegkeun Bait Allah.

²Ari ukuranana, ukuran beulah jerona: Panjangna 27 meter, rubakna 9 meter, luhurna 13,5 meter.

³Kamar hareupna, ukuran ka jerona 4,5 meter, rubakna 9 meter, sarua jeung kamar tukangeun paimbaran.

⁴ Tembokanana make tebokan-tebokan anu ukuran liangna beulah luar leuwih sempit ti batan bagian jerona.

⁵ Tembok pipir jeung tembok tukang diberean sosompang tilu umpak anu luhurna masing-masing 2,2 meter.

⁶ Kamar sosompang panghandapna rubakna 2,2 meter, umpak tengah 2,7 meter, umpak pangluhurna rubakna 3,1 meter. Tembok gedong ka luhur digandet-gandet, tembokan lante beulah luhur leuwih ipis ti batan tembok lante handapeunana, nepi ka kamarna napak dina tembok sarta balok-balokna henteu katutup ku tembokan.

⁷ Ari batu-batuna geus dijieun dirupakeun ti tempat ngalina keneh, jadi waktu eta gedong dijieun teh henteu gandeng ku sora palu, baliung atawa parabot beusi lianna.

⁸ Lawang asup ka kamar sosompang panghandapna, ayana di pipir tembok gedong beulah kidul, murilit ka luhur ka kamar umpak kadua jeung katilu.

⁹ Kitu dipidamelna ku Raja Suleman. Lalangitna ku balok-balok jeung papan-papan kiputri.

¹⁰ Sosompang umpak tilu anu luhurna masing-masing 2,2 meter tea nempel kana tembok luar gedong, ditempelkeunana kana tembok ku balok-balok kiputri.

¹¹ Geus kitu PANGERAN ngandika ka Suleman,

¹²"Upama maneh pengkuh kana sagala papakon jeung timbalan-timbalan Kami, jangji Kami ka Daud bapa maneh tea bakal dibuktikeun ka maneh.

¹³Kami seja aya di tengah umat Kami, linggih di ieu gedong beunang maneh nyieun, moal nilarkeun."

¹⁴Ahirna eta Bait Allah teh anggeus dipidamelna ku Suleman.

¹⁵Tembok beulah jero tina lante nepi kana lalangit dilapisan ku papan kiputri, lantena ku papan kijamuju.

¹⁶Di jero eta Bait Allah beulah tukang dijieun hiji kamar anu disebut Kamar Pangscina, panjangna salapan meter, dipenggel ku papan kai kiputri, mimiti tina lante nepi kana lalangit.

¹⁷Rohangan hareupeun Kamar Pangscina panjangna dalapan belas meter.

¹⁸Bilikna papan kiputri, dihias ku ukiran-ukiran anu direkakeun buah waluh jeung kekembangan. Rohangan jero kabeh dilapis ku papan kiputri, jadi batu-batu tembokanana henteu katembong.

¹⁹Ari Kamar Pangscina, anu dijieunna di jero eta Bait Allah beulah tukang tea perluna pikeun nyimpen Peti Perjangjian PANGERAN.

²⁰Ieu kamar panjangna, rubakna jeung luhurna salapan meteran, sakurilingna dilapis ku emas murni. Ari altarna dilapis ku papan kiputri.

²¹ Bilik jero dilapis ku emas murni. Panto paranti asup ka jero eta kamar, dina lawangna dikantengan ku rante anu disaput ku emas.

²² Jadi Bait Allah teh di beulah jerona sakurilingna dilapis ku emas, siga di Kamar Pangscina tempat altar tea.

²³ Di Kamar Pangscina aya dua tiruan mukarabin tina kayu jetun, jangkungna masing-masing 4,4 meter.

²⁴ (6: 24-26) Duanana saukuran jeung sabangun, sarta baroga jangjang anu panjangna masing-masing 2,2 meter, jadi mentangna ti tungtung ka tungtung jangjang teh 4,4 meter.

²⁵ (6: 24)

²⁶ (6: 24)

²⁷ Ditangtungkeunana pagigir-gigir di jero Kamar Pangscina, jangjang masing-masing sabeulah meber ka jero, tepungna di tengah-tengah kamar, jangjang anu sabeulah deui meberna antel kana bilik.

²⁸ Eta tiruan mukarabin duanana dilapis ku emas.

²⁹ Bilik rohangsan utama beulah jero dihias ku ukiran-ukiran anu direka mahluk-mahluk jangjangan, tangkal korma, jeung kekembangan.

³⁰ Lantena oge rata dikeput ku emas.

³¹ Lawang asup ka Kamar Pangscina daun pantona kembar, dijieunna tina kayu jetun, erang-erangna sina melengkung.

³² Daun-daun eta panto duanana dihias ku ukiran-ukiran mahluk-mahluk jangjangan, tangkal korma, jeung kekembangan. Daun-daun pantona, tiruan mukarabinna, jeung ukiran-ukiran tangkal kormana, dilapis ku emas.

³³ Kusen panto ka rohangan utama bangunna pasagi burung, dijieunna tina kayu jetun.

³⁴ Jeung aya dua panto lipet tina kayu kijamuju,

³⁵ eta ge dihias ku ukiran mahluk jangjangan, tangkal korma, jeung kekembangan, terus dilapis ku emas nurutkeun ukiranana.

³⁶ Tepas Bait Allah beulah jero pernahna di pongpok hareup nempel kana tembokanana, ngaturna saban tilu lapis batu salapis kayu kiputri.

³⁷ Ari pademen Bait Allah dipasangna dina bulan Sip atawa bulan kadua, dina taun kaopat pamarentahan Suleman.

³⁸ Dina bulan Bul atawa bulan kadalapan, dina kasabelas taunna Suleman ngarajaan, eta Bait Allah sapuratina geus rengse dipidamelna, cocog sakumaha anu dipikahoyong ku Suleman. Lilana ngadegkeun tujuh taun.

7 ¹ Ari pikeun salirana ku anjeun, Suleman ngadamel hiji karaton, anu diadegkeunana nepi ka tilu belas taun.

² (7: 2-3) Eta karaton disebutna "Karaton Leuweung Libanon", panjangna opat puluh

opat meter, rubakna dua puluh dua meter, luhurna tilu belas satengah meter. Eta karaton ngadegna ku tilu jajar pilar tina kayu kiputri, sajajarna lima belas pilar, ti luhurna diamparan ku jajalur balok-balok kiputri. Lalangit kamar-kamarna oge ku kayu kiputri, ditunjang ku pilar-pilar.

³(7: 2)

⁴Saban gigirna make jandela tilu-tilu jajar.

⁵Panto-panto jeung jandela-jandelana ukuranana pasagi burung. Jajaran jandela-jandela beulah ditu merenahna lempengan jajaran jandela-jandela beulah dieu, paeunteung-eunteung.

⁶Aya rohang "Bale Tihang-tihang" anu panjangna dua puluh dua meter, rubakna tilu belas satengah meter, make tepas digolodogan, disangga ku tihang-tihang.

⁷Aya deui rohang "Bale Singgasana" anu disebut oge "Bale Pangadilan", paranti Suleman mutus perkara, bilikna tina lante nepi kana kaso-kaso papan kiputri.

⁸Ari kamar-kamar pikeun Suleman ku anjeun ayana di tepas sejen, tukangeun Bale Pangadilan, dijieunna sakumaha gedong-gedong sejenna. Ari pikeun prameswarina, putri raja Mesir tea, dipangdamelkeun hiji malige, potonganana sarua keneh jeung eta.

⁹Eta wawangunan kabeh, katut buruan gedena, ti pademen nepi ka hateupna, dijieunna tina batu-batu anu aralus. Batu-

batuna geus disiapkeun ti tempat ngalina,
dipotongan nurutkeun ukuranana, sisi-sisina
tukang jeung hareup diratakeun ku ragaji.

¹⁰Batu-batu pademenna galede, geus
beunang ngukur-ngukur ti tempat ngalina
keneh. Ukuranana aya anu panjangna tilu
satengah meter, aya anu nepi ka opat meter.

¹¹Luhureun batu-batu pademen kakara
dipasangan batu-batu lianna, eta oge geus
beunang ngukur ti dituna, jeung balok-balok
kiputri.

¹²Wangunan tembok buruan karaton,
wangunan tembok buruan jero Bait Allah,
jeung wangunan tembok rohangsan paranti
asup ka jero Bait, disusunna saban tilu lapis
batu tatah ditumpangan ku salapis balok kai
kiputri.

¹³Geus kitu Suleman miwarang ngala hiji
paledang anu cicingna di nagara Tirus,
ngaranna Huram, pinter barang jieun tina
tambaga.

¹⁴Bapana oge sarua paledang, pinter barang
jieun tina tambaga, urang nagara Tirus, tapi
geus teu aya, umurna pondok. Ari indungna
asal ti kaom Naptali. Dina pagaweanana
jadi paledang, Huram kacida ahlina tur
geus pangalaman. Pangangkir Suleman ku
manehna ditarima, arek mangnyieunkeun
barang-barang tina tambaga.

¹⁵Horam geus prak digawe. Mimiti nyieun
dua pilar tambaga, jangkungna masing-

masing dalapan meter, kurilingna lima meter tilu puluh senti, tuluy dipasang di lawang Bait Allah.

¹⁶Ti dinya nyieun dua mamakutaan tambaga, jangkungna masing-masing dua meter dua puluh senti, dipasangkeun kana puncak pilar tea.

¹⁷Puncak pilar masing-masing dihias ku rarantean anu dijeujeut,

¹⁸jeung ku dua jajar dadalimaan tambaga.

¹⁹Mamakutaan teh dirupakeun kembang bakung, jangkungna masing-masing sameter dalapan puluh senti.

²⁰Ari diterapkeunana di opat pongpok pilar luhureun rarantean. Dina unggal puncak eta mamakutaan diterapan dadalimaan dua ratus siki, didua jajarkeun.

²¹Eta dua pilar tambaga ditempatkeunana ku Huram di hareupeun lawang Bait Allah, hiji di sisi kidul, dingaranan "Yakin", hiji di sisi kaler dingaranan "Boas".

²²Mamakutaan kembang bakung tambaga tea diterapkeunana dina puncak eta dua pilar. Kitu dijifieunna eta dua pilar tambaga sarta geus jadi.

²³Geus kitu Huram nyieun hiji tatalagaan tambaga, bangunna buleud. Jerona dua meter dua puluh senti, garis tengahna opat meter opat puluh senti, kurilingna tilu belas meter dua puluh senti.

²⁴ Handapeun biwir tatalagaan sakurilingna dipapaesan ku wawaluhan tambaga dua jajar anu dicitakna ngahiji jeung tatalagaanana.

²⁵ Eta tatalagaan ditumpangkeun kana tonggong dua belas sasapian tambaga anu nyalanghareup ka luar, ka kidul, ka kaler, ka kulon, ka wetan, tilu-tilu.

²⁶ Kandelna tatalagaan tujuh puluh lima senti. Biwirna siga biwir cangkir jebleh, niron lambaran kembang bakung. Eusi eta tatalagaan kira-kira opat puluh rebu liter.

²⁷ Ti dinya Huram nyieun sapuluh padati tambaga, masing-masing panjangna sameter dalapan puluh senti, rubakna sameter dalapan puluh senti, luhurna sameter tilu puluh senti.

²⁸ Dijieunna ku papan-papan pasagi sarta dipasangkeunana make wengku,

²⁹ dipapaesan ku sisingaan, sasapian, jeung tiruan mahluk-mahluk jangjangan. Wengku-wenkuna make gambar timbul, gambar ranggeuyan mangle di luhureun jeung handapeun sisingaan jeung sasapian tea.

³⁰ Kikipingna opat-opat tina tambaga, pupurusna oge tambaga. Di opat juruna make opat panyingga anu nanggeuy paso. Panyaggana dipapaesan ku gambar timbul ranggeuyan mangle.

³¹ Tungtung panyingga paso tea diwengku ku hiji buleudan, luhurna tina beungeut padati

opat puluh opat senti, ka handapna dua puluh
dua senti, sakurilingna make ukiran.

³² Jangkungna kikiping genep puluh genep
senti, tempatna handapeun papan-papan
pasagi tea, pupurusna dihijkeun kana badan
padati.

³³ Bangun kikiping sakumaha bangun
kikiping kareta biasa; pupurusna,
pinggiranana, jari-jarina jeung bola-bolana,
kabeh tambaga.

³⁴ Dasar badan padati saban juruna make
tihang pamageuh anu ngahiji jeung badan
padati, jadi tihang pamageuhna opat-opat.

³⁵ Unggal padati, di bagian luhurna dibiwiran
sakurilingna, rubakna dua puluh dua senti,
tihang pamageuhna kitu deui papan-papanna
ngahiji kana badan padati.

³⁶ Unggal lolongkrangna digambaran
mukarabin, singa, jeung tangkal korma, sarta
unggal gambarna beulah luhur jeung beulah
handap digambaran ku ranggeuyan mangle.

³⁷ Kitu dijieunna eta padati-padati teh,
kabeh saukuran jeung sabangun.

³⁸ Anggeus nyieun padati-padati, Huram
nyieun paso tambaga sapuluh, hiji paso
pikeun hiji padati. Gurat tengah masing-
masing sameter dalapan puluh senti,
pieusieunana masing-masing kira-kira
dalapan ratus liter.

³⁹ Eta padati-padati ku Huram
ditempatkeunana lima di beulah kidul

Bait Allah, lima di beulah kalerna.

Tatalagaanana dipernahkeunana di juru Bait Allah beulah kidul wetan.

40 (7: 40-45) Kajaba ti anu tadi, Huram nyieun katel-katel, sosodok-sosodok, jeung pinggan-pinggan. Sakur parabot anu ku Raja Suleman dipiwarang dijieun pikeun kaperluan Bait Allah, kabeh geus anggeus dijieun ku Huram. Barang-barang anu dijieunna nya eta: Dua tihang gede. Dua mamakutaan anu jiga cangkir jebleh di puncak eta dua tihang. Rante lilit papaes mamakutaan. Opat ratus dadalimaan, anu dipasang dua jajar, papaes mamakutaan. Sapuluh padati. Sapuluh paso. Hiji tatalagaan. Dua belas sasapi anu munggu tatalagaan. Katel-katel, sosodok-sosodok, jeung garpuh-garpuh. Eta kabeh keur kaperluan Bait Allah anu dijieun ku Huram pikeun Raja Suleman.

41 (7: 40)

42 (7: 40)

43 (7: 40)

44 (7: 40)

45 (7: 40)

46 Raja miwarang ngadamel eta barang-barang teh di pangecoran logam di Lebak Yordan anu pernahna antara Sukot jeung Sartan.

47 Tambaga anu dipake nyieun eta barang-barang ku raja teu kungsi ditimbang heula

tina ku loba-lobana, jadi beuratna teu kanyahoan sabaraha-sabarahana.

⁴⁸ Jeung deui Suleman miwarang ngadamel paparabotan tina emas pikeun Bait Allah. Nya eta: altar, meja paranti nyuguhkeun roti ka Allah,

⁴⁹ sapuluh suku lampu paranti di hareupeun Kamar Pangscina, lima di kidul lima di kaler, kembang-kembang, lampu-lampu, cacapit,

⁵⁰ pinggan-pinggan, panetel-panetel lampu, bokor-bokor, pisin-pisin wadah seuseungitan, parukuyan-parukuyan, piring-piring wadah ruhak, engsel-engsel panto Kamar Pangscina jeung engsel-engsel panto Bait Allah beulah luar. Eta kabeh dijjeunna tina emas.

⁵¹ Sanggeus Suleman anggeus ngadamel eta Bait Allah, barang-barang anu ku Daud ramana geus disanggakeun ka PANGERAN, ku anjeunna disimpen di kamar rajabrama Bait Allah, boh anu tina perak boh anu tina emas, kitu deui barang-barang salian ti eta.

8 ¹ Geus kitu Suleman nimbalan ka sakabeh pamingpin kaom Israil jeung para pamingpin warga supaya karumpul di anjeunna di Yerusalem. Maksadna rek mindahkeun Peti Perjangjian PANGERAN ti Sion, Kota Daud ka Bait Allah.

² Gancangna kabeh geus karumpul dina musim Pesta Saung Daun, nya eta dina bulan Etanim.

³Sanggeus para pamingpin karumpul kabeh, seug Peti Perjangjian teh diangkat ku para imam,

⁴digarotong ka Bait Allah. Kemah Tepangan PANGERAN oge ku para imam jeung urang Lewi dipindahkeun ka Bait Allah jeung sagala paparabotanana.

⁵Geus kitu Raja Suleman jeung sakabeh bangsa Israil kumpul di hareupeun Peti Perjangjian, prak ngurban meuncit domba jeung sapi mangpirang-pirang, lobana henteu kaitung.

⁶Ti dinya Peti Perjangjian teh ku para imam diasupkeun ka Bait Allah, ka Kamar Pangscina, dipernahkeun di handapeun jangjang dua mukarabin tea.

⁷Jadi jangjang dua mukarabin teh meberna ngauban eta Peti katut rancatanana.

⁸Tungtung-tungtung rancatanana, ku jelema anu nangtung lempengan pisan Kamar Pangscina mah bisa katenjo, mun lain ti dinya mah henteu. (Eta rancatan nepi ka kiwari aya keneh di dinya.)

⁹Eusi eta Peti teu aya nu sejenna deui, salian ti dua papan batu anu baheula disimpen di dinya ku Musa, basa keur di Gunung Sinai tea, sabada PANGERAN ngadamel perjangjian ka sakumna bangsa Israil, di satengahing jalan sabada budal ti Mesir.

¹⁰Barang para imam kalaluar ti jero Bait Allah, tuluy aya mega anu minuhan eta Bait,

¹¹ megana cahayaan nyumiratkeun kamulyaan PANGERAN, datang ka para imam anu rek ngajaralankeun kawajibana teu barisa asup deui ka dinya.

¹² Suleman tuluy sembahyang, saurna, "Nun PANGERAN, Gusti parantos nempatkeun panonpoe di langit, nanging bet milih panglinggihan tina mega sareng angkeub.

¹³ Abdi parantos rengse ngadamel ieu gedong anu agreng, haturkeuneun ka Gusti, linggihaneun salalamina."

¹⁴ Ti dinya Raja Suleman malik ka jalma rea anu narangtung di dinya seja mangmundutkeun berkah Allah.

¹⁵ Pok nimbalan, "Sagala puji ka pangkonan GUSTI Allah Israil! Jangji Mantenna ka Daud rama kami, ayeuna laksana. Dawuhan dina jangji-Na kieu,

¹⁶ Ti barang nyandak umat ti Mesir, di sakuliah tanah Israil Kami tacan milih-milih tempat geusan ngadegkeun gedong paranti sembahyang ka Kami. Tapi Kami milih maneh, Daud, geusan ngatur umat Kami Israil."

¹⁷ Saurna deui, "Daud, rama kami suwargi, kagungan maksad ngadamel gedong paranti tempat ibadah ka GUSTI Allah Israil.

¹⁸ Tapi dawuhan PANGERAN ka rama kami, Hade pisan karep maneh nyieun gedong pikeun Kami.

¹⁹ Ngan ulah ku maneh dijieunna, engke bae ku anak maneh sorangan.

²⁰Eta jangji PANGERAN teh ayeuna bukti laksana. Kami, anu neruskeun kangjeng rama ngarajaan di Israil, ayeuna geus anggeus nyieun ieu gedong paranti ibadah ka GUSTI Allah Israil.

²¹Kami geus nyieun tempat di jero gedong pikeun Peti Perjangjian, anu eusina dua papan batu anu muat perjangjian PANGERAN jeung karuhun urang, waktu Mantenna ngaluarkeun aranjeunna ti Mesir."

²²Geus kitu Suleman nadahkeun panangan deukeut altar, hareupeun jalma rea,

²³tuluy sembahyang, "Nun GUSTI Allah Israil! Di sawarga di manggung, di bumi di handap, teu aya deui anu jumeneng Allah, mung Gusti. Gusti teh satia kana jangji ka umat, teu petot mikawelas ka maranehna, anu sarumujud ngabakti terusing ati.

²⁴Jangji Gusti ka Daud pun bapa, ayeuna laksana. Wangkid ieu sugri pangandika Gusti teh bukti.

²⁵Ayeuna, nun GUSTI Allah Israil, panuhun abdi mugi Gusti netepan jangji sanesna anu kapungkur ku Gusti dijangjikeun ka pun bapa; saur Gusti ka pun bapa, ti turunan anjeunna salamina baris aya saurang anu jadi raja nyangking Israil, upami maranehna saregep nurut ka Gusti sapertos pun bapa.

²⁶Ku margi kitu, nun Allah Israil, mugi eta sadaya perkawis teh ayeuna dibuktoskeun,

sakumaha jangji Gusti ka pun bapa, Daud abdi Gusti tea.

²⁷ Nanging nun Allah, naha leres Gusti teh kersa linggih di bumi? Margi, dalah sakubeng langit sajagat raya oge keur Gusti mah moal cekap, sumawonten ieu, gedong kenging abdi, naha picekapecun?

²⁸ Ku margi kitu nun Gusti PANGERAN, jisim abdi gandek Gusti nyanggakeun panuhun, mugi paneda panyambat jisim abdi dinten ieu ku Gusti didangu dimakbul.

²⁹ Mugi Gusti, siang kalyan wengi, kersa nitenan ieu gedong anu ku Gusti parantos kamanah jadi tempat paranti ibadah ka Gusti. Satiap-tiap jisim abdi sembahyang mayun ka ieu gedong, mugi Gusti kersa ngadangukeun.

³⁰ Satiap anu nyanggakeun panyambat sareng neda pangampura mayun ka ieu gedong, boh jisim abdi, boh urang Israil umat Gusti, mugi didangu sareng dimakbul ti tempat Gusti linggih di sawarga.

³¹ Manawi aya jalmi anu dituding gaduh dosa ka pada batur, seug dibantun kana altar Gusti di ieu gedong sina sumpah yen teu salah,

³² dangukeun ti sawarga, nun PANGERAN. Mugi gandek-gandek Gusti teh perkawisna dilereskeun, anu lepatna dihukum sapantesna, anu leresna mugi dibebaskeun.

³³ Manawi umat Gusti dugi ka eleh ku musuh dumeh aya dosana ka Gusti, ana lajeng

tarobat sareng sasambat di ieu gedong neda hampura,

³⁴mugi dangukeun ti sawarga, hapunten dosana, sareng sina tariasa mulang deui ka tanahna, paparin Gusti ka karuhunna.

³⁵Manawi Gusti teu maparin hujan lantaran maranehna gaduh dosa ka Gusti, ana lajeng sasambat neda pertobat di ieu gedong,

³⁶mugi pertobatna ditampi ti sawarga. Hapunten dosa rajana, hapunten dosa sakumna bangsa Israil, tuduhan jalan nu leres. Saparantos kitu mugi dipaparin hujan nun PANGERAN, turunkeun hujan ka ieu tanah kagungan, anu ku Gusti parantos dimilikkeun ka maranehna salalamina.

³⁷Manawi ieu tanah katarajang paceklik atanapi pagebug, atanapi pepelakanana diruksak ku angin panas, atanapi di tarajang ku hama atanapi simeut, atanapi dikersakeun ditempuh ku musuh, atanapi katarajang kasakit, atanapi paudur,

³⁸panyambatna mugi didangu. Manawi aya urang Israil, umat Gusti, sasambat tumadah ka ieu gedong lantaran kaduhung ku dosana,

³⁹mugi dangukeun panyambatna ti sawarga, paparin pangampura sareng pitulung. Gusti teh waspaos kana eusining hate manusa, mugi midamel ka eta jalmi luyu sareng kalakuanana.

⁴⁰Supados umat Gusti tuhu tumutur ka Gusti saumur-umur, di ieu tanah anu ku Gusti

parantos dipaparinkeun ka karuhun abdi sadaya.

⁴¹ (8: 41-42) Manawi aya jalmi bangsa sanes dongkap ka dieu ti nagara jauh dumeh nguping kamashuran sareng dadamelan Gusti anu aragung ka umat Gusti, seug sembahyang di ieu gedong,

⁴² (8: 41)

⁴³ mugi sembahyangna dangukeun, panuhunna mugi dimakbul ti sawarga panglinggihan Gusti. Supados manusa sajagat sami terang sareng sumujud ka Gusti sapertos umat Gusti, Israil. Supados maranehna oge tarerangeun, yen ieu gedong anu diadegkeun ku jisim abdi teh tempat paranti sembahyang ka Gusti.

⁴⁴ Manawi umat teh ku Gusti nuju dipiwarang budal merangan musuh, di mana bae maranehna ayana, ana nyanghareup ka lebah ieu kota anu dipilih ku Gusti, sareng sembahyang ka lebah ieu gedong kenging abdi ngadegkeun kangge Gusti,

⁴⁵ mugi dangukeun panyambatna ti sawarga, paparin kaunggulan.

⁴⁶ Manawi umat Gusti pareng aya dosana (kawantos jalmi mah teu aya anu lput tina kalepatan), dugi ka Gusti bendu sareng ngantep maranehna dibantun ku musuh ka nagara lian, sarta di dituna sasambat, sakumaha tebihna ge eta nagara,

⁴⁷ mugi panyambatna didangukeun, nun PANGERAN. Upami di tanah pangasinganana teh tarobat, ngaraku kana kalepatan sareng kadorakaanana, mugi panyambatna didangu.

⁴⁸ Upami leres-leres di dituna maranehna tarobat, seug sasambat ka Gusti ngiblat ka ieu tanah paparin Gusti ka karuhunna, sareng ka ieu kota kadeudeuh Gusti, sareng ka ieu gedong kenging abdi ngadegkeun kangge Gusti,

⁴⁹ dangukeun panyambatna. Dangukeun ti sawarga, mugi dipikawelas.

⁵⁰ Hapunten kalepatan sareng kabasangkalanana, sareng balikkeun hate musuhna sina malik mikarunya.

⁵¹ Maranehna teh umat Gusti kenging ngaluarkeun ti tanah Mesir, tanah naraka pikeun maranehna.

⁵² Nun Gusti ALLAH, mugi Gusti mikawelas salalamina ka umat Gusti Israil, sareng ka rajana. Samangsa-mangsa maranehna sasambat neda pitulung, mugi didangu.

⁵³ Maranehna ku Gusti parantos dipilih ti bangsa-bangsa, didamel umat ku manten, sakumaha timbalan Gusti ka maranehna, anu diandikakeun ka Musa nalika Gusti ngaluarkeun karuhun abdi-abdi ti tanah Mesir."

⁵⁴ Suleman nenedana sideku deukeut altar bari nadahkeun panangan. Sabadana, anjeunna cengkat, ngadeg.

55 Pok ngalahir gentrana tarik, mundut
berkah Allah pikeun hadirin, saurna,

56 "Sembah puji ka PANGERAN, anu
geus ngareureuhkeun umat-Na sakumaha
jangji-Na. Jangji-jangji Mantenna anu pinuh
ku sih kurnia, anu diandikakeun ka Musa,
geus tinekanan.

57 Mugia PANGERAN Allah urang nyarengan
sakumaha geus nyarengan ka karuhun urang,
henteu ngantunkeun.

58 Mugia urang ku Mantenna dijadikeun
jalma-jalma anu satia ka Mantenna, sarta
tunduk kana hukum-hukum jeung parentah-
parentah-Na, anu bareto diandikakeun ka
karuhun urang tea.

59 Mugia panuhun panyambat kami bieu
salawasna dipikaemut ku PANGERAN Allah
urang. Mugia Mantenna salawasna mikawelas
ka urang Israil jeung ka rajana, tur nyekapan
pangabutuhna sapopoe,

60 supaya bangsa-bangsa saalam dunya
nyarahoeun yen teu aya deui Allah ngan
PANGERAN.

61 Mugia maraneh, umat Mantenna, tuhu
tumutur ka PANGERAN Allah urang, nekanan
hukum-hukum jeung parentah-parentah-Na
salalawasna, kawas poe ieu."

62 Geus kitu Suleman jeung sakur
anu karumpul nyanggakeun kurban ka
PANGERAN.

⁶³ Reana sato anu dikurbankeun, sapi dua puluh dua rebu, domba saratus dua puluh rebu, dijieun kurban panarima ngaresmikeun eta Bait Allah.

⁶⁴ Poe eta keneh Suleman ngaresmikeun buruan bagian tengah anu di hareupeun eta Bait Allah. Di eta buruan anjeunna tuluy ngahaturkeun kurban beuleuman, kurban gandum, jeung gajih sato-sato kurban dijieun kurban karapihan. Pangna ngurban di dinya, lantaran kurbanna kacida lobana nepi ka teu mahi ku altar anu geus aya, altar tambaga tea.

⁶⁵ Rengse ngurban, Suleman jeung sakumna bangsa Israil nekanan Pesta Saung Daun di dinya, di Bait Allah, lilana tujuh poe. Jelema anu karumpul kacida lobana ti suklakna ti siklukna, ti kaler ti Hamat, ti kidul ti wates tanah Mesir, tunglek ka dinya.

⁶⁶ Dina poe kadalapanna ku Suleman dijurung marulang. Anjeunna pada muji ku sarerea, anu ngarasa bagja ku sagala berkah PANGERAN ka Daud abdi-Na jeung ka urang Israil, umat-Na.

9 ¹ Sanggeus Raja Suleman beres ngadamel Bait Allah jeung karaton sapuratina sakumaha kahoyongna,

² PANGERAN nembongan deui ka anjeunna kawas bareto di Gibon.

³ Mantenna nimbalan kieu ka Suleman, "Panyambat maneh ku Kami dimakbul. Ieu

gedong anu diadegkeun ku maneh ku Kami bakal disucikeun, bakal dititenan, bakal diraksa sapapanjangna.

⁴Lamun maneh tuhu tumutur ka Kami, tigin sarta satemenna saperti Daud bapa maneh, ngalakonan papakon, nekanan sagala timbalan,

⁵jangji Kami ka Daud bapa maneh bakal dicumponan, nya eta bangsa Israil salawasna bakal dirajaan ku turunanana.

⁶Sabalikna upama maneh, atawa anak incu maneh mungkir ti Kami, ngalanggar papakon ngarempak timbalan sarta nyembah ka brahala,

⁷umat Kami Israil bakal disingkahkeun ti tanah paparin Kami. Sarta ieu gedong, sanajan ku Kami geus disucikeun baris tempat ngabakti ka Kami ge, tangtu ditinggalkeun. Jalma-jalma di mana-mana bakal moyok jeung mikaceuceub ka urang Israil.

⁸Ieu gedong oge bakal burak-barik, jadi bahan gogodeg jeung pikageteun jalma-jalma anu ngaraliwat, jadi bahan silih tanya, Ku naon ieu nagara jeung Bait Allah teh nepi ka dikieukeun ku PANGERAN?

⁹Pananya kitu bakal dijawab kieu, Tamaha jalma-jalmana, malalungkir ka PANGERAN Allahna anu ngaluarkeun karuhunna ti Mesir, anggur ngabarakti ka allah sejen. Mana ku PANGERAN dikeunaan bahla."

¹⁰Lilana Suleman ngadamel Bait Allah jeung karaton teh dua puluh taun.

¹¹Kayuna ti Raja Hiram ti nagara Tirus, kayu kiputri jeung kijamuju, sarta reujeung emasna sakahoyong Suleman. Sanggeusberes pisan, eta bahan adegan teh ku Suleman dibayar ka Hiram ku dua puluh kota di wewengkon Galilea.

¹²Tapi sanggeus eta kota-kota ditingalian, Hiram henteu cocog.

¹³Mana saur anjeunna ka Suleman, "Ih Rayi, naha jiga kitu geuning wewengkon anu dipaparinkeun ka Akang teh?" Seug eta wewengkon teh dingaranan Kabul, nepi ka ayeuna.

¹⁴Ari emas anu dipaparinkeun ku Raja Hiram ka Suleman reana leuwih ti opat rebu kilogram.

¹⁵Tanaga anu dikerid ku Raja Suleman teh digunakeun keur nyieun Bait Allah jeung karaton, nyieun adegan-adegan keur ngeusian tanah anu kosong di bagian kota beulah wetan, keur ngadegkeun kutana, jeung keur ngadegkeun deui kota Hasor, Megido jeung Geser.

¹⁶(Kota Geser ku raja Mesir kungsi dirurug jeung dihuru, jalma-jalmana ditumpes. Tuluyna eta kota teh dilelerkeun ka putrana anu dipigarwa ku Suleman, hadiah pertikahanana.

¹⁷ Eta kota ku Suleman diadegkeun deui.)
Jaba ti kitu eta tanaga keridan teh digawekeun
pikeun ngadegkeun deui Bet Horon Hilir,

¹⁸ Baalat, Tamar di tanah gurun wewengkon
Yuda,

¹⁹ ngadegkeun kota-kota pagudangan
kagunganana, ngadegkeun kota-kota pikeun
kuda-kudana jeung pikeun kareta-karetana,
adegan-adegan lianna deui di Yerusalem,
di Libanon, jeung di mana-mana deui di
wewengkon karajaanana, sakahoyongna.

²⁰ (9: 20-21) Tanaga-tanaga anu dikerid
teh jalma-jalma turunan urang Kanaan anu
ku urang Israil teu kungsi ditumpes waktu
urang Israil ngarebut tanah milikna. Eta
urang Kanaan teh kaasup urang Emor, urang
Het, urang Pares, urang Hiwi, jeung urang
Yebus, anu turunan-turunanana jaradi bangsa
badega nepi ka ayeuna.

²¹ (9: 20)

²² Urang Israil mah ku Suleman teu aya
anu dijieun badega, tapi dijieun prajurit,
opsir, panglima, kusir kareta, jeung tukang
tarumpak kuda.

²³ Pikeun marentah anu digarawekeun kana
rupa-rupa adegan, Suleman ngangkat lima
ratus lima puluh mandor.

²⁴ Tanah anu kosong keneh di kota beulah
wetan tea ku Suleman dieusian rupa-rupa
adegan, sanggeus prameswarina, putra raja

Mesir tea dialihkeun ti Kota Daud ka karaton anu diadegkeun ku anjeunna.

²⁵ Tilu kali dina sataun Suleman ngahaturkeun kurban beuleuman jeung kurban karapihan dina altar kengingna ngadegkeun kanggo PANGERAN, jeung ngukus ku seuseungitan ka PANGERAN. Kitu petana Suleman ngarengsekeun pagawean ngadegkeun Bait Allah.

²⁶ Jeung deui Suleman ngadegkeun hiji armada kapal laut ti Esion Geber deukeut Elat, di basisir Teluk Akaba di tanah Edom.

²⁷ Palaut-palautna dibantu ku palaut-palaut anu geus tarabah ti armada kapal kagungan Raja Hiram.

²⁸ Balayarna ka tanah Opir, mulangna deui ka Suleman mawa emas leuwih ti opat belas rebu kilogram.

10¹ Kamashuran Raja Suleman kaemper-emper ka ratu nagara Seba. Tuluy eta ratu teh natamu ka Yerusalem, seja nguji ka Suleman ku rupa-rupa sualan anu muskil.

² Angkatna nyandak pangiring pirang-pirang, nyandak onta loba kacida, dimuatan bungbu-bungbuan, permata, jeung emas teu kira-kira lobana. Sanggeus patepang seug ratu teh nyual, rupa-rupa sakur anu kakemu dina manahna.

³ Sualan-sualan anjeunna teu aya anu teu kawaler, keur Suleman teu aya sualan anu hese nerangkeunana.

⁴Sang ratu geus nyaksian ku anjeun kapinteranana, karaton dadamelanana,

⁵katuangan anu ngabarak dina mejana, tempat tinggal para mantrina, tata tertib jeung pakean para pagawe karatonna, anggah-ungguhna para pangantu anu ngawulaan anjeunna dina pesta jeung kurban-kurban anu ku Suleman dihaturkeun di Bait Allah. Sang ratu batih helok sarta kataji.

⁶Pok sasauran ka Raja Suleman, "Cocog sakumaha wartos nu kakuping ku sim kuring di nagara. Kapinteran Sang Raja kalintang luhurna.

⁷Kawitna mah kirang percanten, nu mawi lajeng ka dieu sumeja ngahaja ngadongdon. Sihoreng perkawis kapinteran Sang Raja anu kakuping tina wartos mah teu paro-parona acan tina buktosna anu kasaksian pribadi. Kabeungharan sareng kapinteran anu kapimilik ku Sang Raja langkung-langkung jembarna ti batan cariosna.

⁸Bagja temen para wanita anu dipigarwa ku Sang Raja!

⁹Sim kuring muji sukur ka PANGERAN Allah Sang Raja! Tetela salira teh ku PANGERAN dipaparin nugraha, dugi ka dijenengkeun raja nyangking Israil. Mana salira ku Mantenna diangkat jadi raja maranehna oge, tawis asih-Na ka urang Israil teu aya pegatna, mayeng langgeng, sangkan maranehna diparentah ku raja anu adil palamarta."

¹⁰Sanggeus kitu sang ratu ngahaturkeun kikintunanana ka Raja Suleman: emas leuwih ti opat rebu kilogram, bungbu-bungbu jeung barang-barang permata mangpirang-pirang lobana. Bungbu-bungbu anu dihaturkeun ku sang ratu, lobana ngungkulan ti nu biasa sok katampi ku Suleman.

¹¹(Ti armada kapal Hiram anjeunna dikintun emas ti nagri Opir, kayu candana kacida lobana, jeung mangpirang-pirang batu permata.

¹²Kayu candana tea ku Suleman dianggo ngadamel tangga golodog Bait Allah jeung karaton, dianggo ngadamelan kacapi jeung gambus pakeeun para nayaga. Eta kayu candana anu dikirimkeun ka Israil teh kayu candana panghade-hadena, nepi ka iraha ge moal aya papadana.)

¹³Ari pamulang ti Raja Suleman ka ratu Seba, jaba ti pamulang anu pantes tur kacida reana teh rupa-rupa deui, naon bae anu dipikahoyong ku eta ratu. Geus kitu sang ratu sapangiringna mulih ka nagara Seba.

¹⁴Saban-saban taun Raja Suleman sok nampi kintunan emas, lobana meh dua puluh lima rebu kilogram,

¹⁵jaba upeti ti para sudagar, kauntungan-kauntungan ti nu daragang, upeti ti raja-raja Arab, jeung ti para gupernur wewengkon-wewengkon Israil.

¹⁶Suleman ngadamel dua ratus kepeng anu rarubak, unggal kepeng dilapis ku emas anu beuratna tujuh kilogram.

¹⁷Ngadamel deui tilu ratus kepeng anu leutikan, sarta eta oge masing-masing dilapis ku emas anu beuratna meh dua kilogram. Eta kepeng-kepeng ku anjeunna disimpen di Karaton Leuweung Libanon.

¹⁸Ngadamel deui hiji singgasana, sabagian dilapis ku gading, sabagian dilapis ku emas kolot.

¹⁹(10:19-20) Eta singgasana make tetecean genep hambal. Dina tungtung tiap hambalan, kenza katuhu diberean sisingaan, jadi kabehna aya dua belas sisingaan, ngajajar genep-genep. Singgasana bagian tukangna dipapaesan ku tironan hulu banteng, leungeun singgasana kenca katuhu make hiji sisingaan. Di karajaan lianna tacan aya singgasana anu saperti kitu.

²⁰(10:19)

²¹Cangkir-cangkir paranti ngaleueutna kabeh emas. Kitu deui bangsa wawadahan anu disimpen di Karaton Leuweung Libanon kabeh tina emas murni. Teu aya nu tina perak, sabab dina jaman Raja Suleman mah perak teh dianggap teu aya hargana.

²²Suleman kagungan hiji armada kapal laut anu balayarna babarengan jeung armada kapal kagungan Raja Hiram. Ana balayar, mulangna tilu taun sakali, rebo ku babawaan:

emas, perak, gading, ka lutung-lutung jeung monyet.

²³ Boh kabeungharan boh kapinteran, Raja Suleman ngungkulan para raja lianna.

²⁴ Jalma sajagat pada harayang ngadeuheus, harayang ngadengekeun kapinteran anjeunna ti Allah.

²⁵ Anu daratang ka anjeunna taya anu lengoh marawa kikintun, barang-barang tina perak, emas, jubah-jubah, pakarang-pakarang, bungbu-bungbu, kuda, jeung bigal. Kituna teh angger saban taun teu towong-towong.

²⁶ Suleman ngayakeun pasukan kareta 1.400 prajurit jeung pasukan kuda 12.000 prajurit. Ditempatkeunana aya nu di Yerusalem, aya nu di wewengkon-wewengkon sejen.

²⁷ Jaman anjeunna marentah, perak geus dianggap batu koral. Kayu kiputri ge lobana sarua jeung tangkal camara biasa di lamping-lamping pasir di tanah Yuda.

²⁸ Suleman miwarang jalma-jalmana sina ngadatangkeun kuda ti Mesir jeung ti Kilikia,

²⁹ kitu deui kareta-kareta ti Mesir, disokongkeun ka raja urang Het jeung raja urang Siria. Dijualna sahiji kareta genep ratus gebleg uang perak, ari kuda sahijina saratus lima puluh gebleg uang perak.

11 ¹Suleman kagungan kakasih loba pisan, wanita-wanita bangsa sejen. Kajaba ti prameswarina putra raja Mesir tea, garwana teh loba deui, urang Het, urang

Moab, urang Amon, urang Edom, jeung urang Sidon.

²Padahal geus aya timbalan PANGERAN, urang Israil teu meunang ngawin awewe bangsa-bangsa eta, bisi kabawa muja ka allah-allahna. Tapi Suleman teu burung migarwa wanita-wanita bangsa sejen.

³Garwa Suleman aya tujuh ratus, putra-putra raja, jaba parekan tilu ratus, ngalantarankeun anjeunna jadi mungkir ti Allah.

⁴Dina waktu kasepuhnakeun anjeunna kabilukkeun ku garwa-garwana, nyembah ngabakti ka allah-allah bangsa lian. Jadi anjeunna mah ka PANGERAN Allahna teh henteu satia cara Daud ramana.

⁵Anjeunna mpuja Dewi Astoret batari urang Sidon, jeung ka Molek batara urang Amon anu pikagirukeun.

⁶Jadi anjeunna midamel dosa, henteu sujud tumutur ka PANGERAN kawas Daud ramana.

⁷Di hiji gunung wetaneun Yerusalem anjeunna ngadamel tempat babakti ka Kamos batara urang Moab, dewa anu matak giruk, jeung tempat ngabakti ka Dewa Molek anu matak sebel tea.

⁸Garwa-garwana, urang asing tea, kabeh oge dipangdamelkeun tempat babakti paranti ngukus jeung ngurban ka batarana masing-masing.

⁹(11:9-10) Sangkilang PANGERAN Allah Israil geus dua kali nembongan ka anjeunna, jeung nimbalan ulah ngabakti ka allah-allah bangsa lian, Suleman henteu ngestokeun, tonggoy mungkir ti Mantenna. Mana PANGERAN bendu,

¹⁰(11:9)

¹¹ timbalana-Na, "Maneh ngahajakeun ingkar tina jangji ka Kami, ngalanggar parentah. Mana ieu karajaan ku Kami rek dicandak, rek dibikeun ka salah sahiji abdi maneh.

¹²Tapi sapanjang maneh hirup keneh mah moal waka, sabab Kami inget ka bapa maneh. Dicokotna engke ti anak maneh.

¹³Jeung moal dicokot kabeh, ditinggalkeun sakaom, demi Daud bapa maneh abdi Kami, jeung demi Yerusalem, kota milik kagungan Kami."

¹⁴Aya hiji wargi raja Edom, jenenganana Hadad, ku PANGERAN disina ngalawan ka Suleman.

¹⁵(11:15-16) Lila samemeh eta, sanggeus Daud nalukkeun Edom, panglima perang anjeunna, nya eta Yoab, indit ka Edom rek nguburkeun jalma-jalmana anu tiwas. Geus kitu Yoab sabalandna tuluy matuh heula di dinya meunang genep bulan, sarta salila eta waktu, maranehna maehan sakur lalaki urang Edom.

¹⁶(11:15)

¹⁷ Tapi aya saurang anu luput teu katumpes, nya eta Hadad, kabur ka Mesir jeung sababaraha urang gandek ramana, urang Edom. (Hadad harita mah murangkalih keneh.)

¹⁸ Kaburna ti Midian terus ka Paran. Di Paran mendak batur sababaraha urang, tuluy bareng ka Mesir, ngadeuheus ka raja Mesir. Hadad ku raja Mesir dipaparin lahan sababaraha luwuk jeung imah, dahareunana dicukup.

¹⁹ Hadad bisa narik manah raja Mesir nepi ka dipisobat. Ku raja Mesir ditikahkeun ka saderek Tahpanes, prameswarina.

²⁰ Istrina ngowokeun putra pameget, ngaranna Genubat, anu dirorokna ku prameswari di karaton, bareng jeung putra-putra raja nu pameget.

²¹ Barang Hadad ngarungu warta yen Daud geus pupus kitu deui Panglima Yoab, Hadad unjukan ka raja Mesir, "Jisim abdi neda widi seja mulang ka lemah cai."

²² Pilahir raja, "Naha? Kurang naon awak di dieu? Meureun aya kakurang mana hayang mulang teh, nya?" "Cekap pisan sumuhun! Mung parantos sono ka lembur." Ti dinya Hadad mulang ka lemah caina, tuluy jadi raja Edom sarta jadi musuh Israil anu kacida jahatna jeung ngagalaksakna.

²³ Saurang deui anu ku PANGERAN disina ngamusuh ka Suleman, nya eta Reson bin

Elyada, anu bareto kabur ti Raja Hadad Eser gustina, Raja Soba,

²⁴terus jadi kapala rampog. (Kajadianana sanggeus Daud ngelehkeun Hadad Eser jeung maehan jalma-jalma urang Siria babaturan eta raja). Reson jeung jalma-jalmana ngaradon matuh di Damsik, sarta ku jalma-jalmana Reson dijadikeun Raja Siria.

²⁵Sapanjang pamarentahan Suleman, Reson ngamusuhan terus.

²⁶Musuh Suleman anu saurang deui mah salah saurang abdina keneh, nya eta Yarobam bin Nebat urang Sereda wewengkon Epraim, anak randa ngaran Serua.

²⁷Kieu asalna: Basa Suleman minuhan kota Yerusalem beulah wetan tea jeung ngomean kuta, Yarobam oge digawekeun.

²⁸Harita Yarobam teh nonoman keneh, kana gawe bisa jeung wekel. Sanggeus kauninga kawekelanana, ku Suleman diangkat sina ngapalaan anu digarawe di wewengkon kaom Menase jeung Epraim.

²⁹Dina hiji poe waktu eukeur jalan-jalan ka luareun Yerusalem, di tengah jalan Yarobam amprok paduduaan jeung Nabi Abia ti Silo.

³⁰Nabi teh ujug-ujug muka jubahna anu weuteuh keneh pisan tuluy disosoech jadi dua belas sosoehan.

³¹Geus kitu ngalahir ka Yarobam, saurna, "Candak ieu sosoehan sapuluh lambar. Kieu timbalan PANGERAN Allah Israil ka hidep, ieu

karajaan ku Kami rek dicokot sapuluh kaom ti Suleman, rek dibikeun ka maneh.

32 Suleman ngan rek dibere sakaom bae, eta oge bawaning Kami inget ka abdi Kami Daud, jeung ngingetkeun Yerusalem, kota milik kagungan Kami ti sakuliah tanah Israil.

33 Kami rek midamel kieu teh lantaran Suleman geus mungkir ti Kami, ngabakti ka allah-allah sejen, ka Astoret batari urang Sidon, ka Kamos batara urang Moab, jeung ka Molek batara urang Amon. Suleman geus henteu nurut ka Kami, nyieun kasalahan, teu pengkuh kana papakon jeung timbalan Kami, teu cara Daud bapana.

34 Tapi Kami nyokot eta karajaan ti Suleman teh sagemblengna, sarta manehna ku Kami baris tetep disina kawasa sapanjang hirupna. Kami nyieun kitu teh demi Daud abdi Kami anu kapilih, anu sakitu nurutna kana hukum-hukum jeung parentah-parentah Kami.

35 Dicokotna engke ti anakna, sapuluh kaom keur maneh.

36 Anak Suleman tetep ku Kami dibagianan, sakaom. Sabab Yerusalem mah kudu dicekel terus ku salah sahiji turunan abdi Kami Daud, lantaran eta kota ku Kami geus ditetepkeun jadi tempat paranti ngabakti ka Kami.

37 Maneh, Yarobam, ku Kami rek dijadikeun raja nyangking sakuliah wewengkon Israil, kahayang maneh.

³⁸Upama maneh enya-enya nurut ka Kami, nurut kana hukum-hukum Kami, ngalampahkeun timbalan Kami cara abdi Kami Daud, tangtu ku Kami kaanggo sarta bakal disarengan sapapanjangna, bisa terus nyangking karajaan Israil turun-tumurun, sakumaha anu ku Kami geus dipidamel ka Daud.

³⁹Ku sabab Suleman geus nyieun dosa, turunan Daud ku Kami bakal dihukum. Tapi papadaning kitu ge dihukumna moal sapapanjangna."

⁴⁰Sanggeus kitu Suleman milari jalan rek maehan Yarobam, nepi ka Yarobam kabur ka Mesir ka Raja Sisak, mukim di Mesir nepi ka Suleman pupus.

⁴¹Sagala rupa padamelan Suleman, lalakon katut kapinteranana, aya dina kitab Babad Suleman.

⁴²Ari ngarajaanana di sakuliah Israil opat puluh taun.

⁴³Tuluy pupus, dikurebkeunana di Kota Daud. Karajaanana diteruskeun ku Rehabam putrana.

12¹Dina hiji poe Rehabam angkat ka Sekem di wewengkon kaler, nyumpingan urang Israil kaom-kaom kaler anu geus kumpul rek ngarajakeun ka anjeunna.

²Ari Yarobam anu keur ngungsi di Mesir nyinkahan Suleman, ngarungu hal eta teh gancang mulang ti Mesir.

³Sanggeus sumping anjeunna diangkir ku urang Israil kaler, diajak nepangan Rehabam ngasongkeun panuhun kieu,

⁴"Suwargina tuang rama, Suleman, kalintang ngarepotkeunana ka abdi sadaya, papancen ti anjeunna beurat pisan. Upami Gusti kersa ngentengkeun eta papancen, abdi sadaya sumeja kumureb ka Gusti."

⁵Waler Rehabam, "Kami menta tempo tilu poe, engke maraneh ka darieu deui."

⁶Raja Rehabam mundut pirempug sepuh-sepuh urut jurunasehat ramana, saurna, "Kumaha pirempug Bapa-bapa? Jawab kumaha eta anu marenta dientengan papancen teh?"

⁷Piunjuk sepuh-sepuh, "Paparin waleran anu nyenangkeun hatena. Tingalikeun yen Gusti kagungan tekad sae ka maranehna, supados maranehna kumureb ka Gusti."

⁸Tapi eta pihatur ku Rehabam teu dianggap, seug mundut pirempug jurunasehatna anu ngarora keneh pantaran anjeunna, saurna,

⁹"Kumaha ari ceuk maraneh? Jawab kumaha eta anu marenta kaentengan teh?"

¹⁰Ceuk para nonoman, "Saurkeun kieu, Cinggir kami leuwih gede ti batan cangkeng rama kami.

¹¹ Saurkeun ka maranehna, Papancen ti rama kami beurat, papancen ti kami mah bakal leuwih beurat. Rama kami ngarangketna ku pecut, kami mah arek ku pecut cucuk beusi!"

¹² Sanggeus tempo anu tilu poe beak, Yarobam jeung jalma-jalmana ngadareuheus deui ka Rehabam, sakumaha anu diparentahkeunana tea.

¹³ Waleran Rehabam lain nurutkeun pirempug sepuh-sepuh, ngawalerna ka eta jelema-jelema teh ketus pisan,

¹⁴ numutkeun nasehatna para nonoman. Dawuhanana, "Papancen ti rama kami beurat, papancen ti kami mah bakal leuwih beurat. Maraneh ku rama kami dirangket ku pecut, ku kami mah bakal dirangket ku pecut cucuk beusi!"

¹⁵ Geus kitu kersaning PANGERAN sakumaha anu ditimbalkeun ka Yarobam bin Nebat ku Nabi Ahia ti Silo tea. Geus dikersakeun ku PANGERAN supaya eta raja henteu kersa nolih kana pamenta eta jelema-jelema.

¹⁶ Barang jelema-jelema tea ngarasa yen pamentana ku raja teu dipalire, breng bae tingcorowok, "Tinggalkeun Daud saanak incu! Karah naon pamerena ka urang! He urang Israil, hayoh urang baralik! Keun bae Rehabam mah sina nguruskeun dirina sorangan!" Jalma-jalma barontak ngalawan.

¹⁷ Rehabam pada naringgalkeun, cuangcieung jadi rajana ngan pikeun jelema-jelema anu araya di wewengkon Yuda.

¹⁸ Waktu Rehabam miwarang Adoniram kapala rodi tea ngadatangan urang Israil, Adoniram pada ngabenturan ku batu nepi ka paeh. Ku hal eta gancang Rehabam mancal kareta, ngabujeng ka Yerusalem.

¹⁹ Ti semet harita rahayat karajaan Israil di wewengkon kaler baha ngalawan ka raja turunan Daud.

²⁰ Sanggeus urang Israil nyarahoeun yen Yarobam geus mulih ti Mesir, seug ngahaturanan sumping, ti dinya Yarobam ku maranehna diangkat jadi raja nyangking Israil. Anu saratia ka raja turunan Daud ngan kari kaom Yuda.

²¹ Sasumpingna Rehabam ka Yerusalem, gancang mepek 180.000 prajurit ti kaom Yuda jeung Binyamin, prajurit anu garagah. Maksudna rek merangan kaom-kaom Israil wewengkon kaler, pikeun mulihkeun deui kakawasaanana.

²² Tapi kaburu sumping Nabi Semaya,

²³ anu ngemban timbalan Allah pikeun Rehabam jeung jalma-jalma kaom Yuda jeung Binyamin, saurna,

²⁴ "Ulah merangan urang Israil, eta teh dulur maneh sorangan. Geura baralik bae kabeh, da kituna teh ku pangersa Kami."

Seug jalma-jalma teh baralik, narurut kana timbalan PANGERAN.

²⁵ Ari Yarobam raja Israil terus ngabenteng kota Sekem di pagunungan Epraim, seug calik di dinya sawatara lilana. Geus kitu angkat ti dinya tuluy ngabenteng kota Penuel.

²⁶ (12: 26-27) Hiji mangsa anjeunna kagungan manah kieu, "Lamun kieu, lamun rahayat aing terus keneh sok arindit ngurban ka Yerusalem, ka Bait Allah di ditu, lila-lila bisa malik satia ka Rehabam raja Yuda, meureun aing dipaehan."

²⁷ (12: 26)

²⁸ Sanggeus ngamanah kitu, seug bae anjeunna ngadamel dua babantengan emas, geus kitu ngalahir ka rahayat, "Ayeuna mah lamun maraneh rek ngabarakti, teu perlu ka Yerusalem. Eh urang Israil, tah ieu allah maraneh, anu ngaluuarkeun maraneh ti Mesir!"

²⁹ Babantengan emas teh anu hiji ku anjeunna ditempatkeun di Betel, anu hiji deui di Dan.

³⁰ Seug jalma-jalma mimiti ngabarakti di Betel jeung Dan, ngaralampahkeun dosa.

³¹ Yarobam terus ngadamel tempat-tempat pangibadahan di puncak-puncak pasir, sarta ngangkat imam-imam lain ti kaom Lewi.

³² Geus kitu Yarobam netepkeun hiji poe kaagamaan, nya eta tanggal lima belas bulan kadalapan, nurutan di Yuda. Seug anjeunna ngurban dina altar di Betel ka babantengan

emas kengingna ku anjeun ngadamel. Di Betel anjeunna neundeun imam-imam, sina ngalalayanan di tempat babakti kengingna ngadegkeun.

³³Dina tanggal lima belas bulan dalapan, tanggal kengingna nangtukeun, anjeunna ngurban dina altar di Betel, ngaresmikeun pesta kaagamaan kengingna nyipta pikeun urang Israil.

13¹Aya hiji nabi ti Yuda, kenging timbalan PANGERAN kudu angkat ka Betel. Gancangna geus sumping, waktu Raja Yarobam keur ngadeg deukeut altar seja ngurban.

²Pok nabi teh ngalahir ka eta altar, ngedalkeun timbalan PANGERAN, "Altar! Altar! Dengekeun ieu timbalan PANGERAN: Engke bakal aya budak medal ti bangsa Daud, ngaranna Yosia. Maneh ku eta bakal dijieun tempat meuncitan imam-imam anu ngalalayanan altar-altar brahala, tukang-tukang natakeun kurban luhureun maneh. Maneh ku eta bakal dipake tempat ngaduruk tulang-tulang jelema!"

³Sasauranana terus, "Kanyahokeun! Ieu altar bakal bencar, lebuna awur-awuran. Lamun geus kitu bakal tetela ka maraneh yen ieu omongan kami sategesna timbalan PANGERAN!"

⁴Raja Yarobam ngahaok bari nunjuk ka eta nabi, timbalanana, "Tangkep ieu manus!"

Tapi dak dumadak panangan raja jadi jeger teu bisa balik deui.

⁵ Sarta harita keneh altar teh ujug-ujug bencar, lebuna awur-awuran. Kasauran eta nabi kalawan timbalan PANGERAN tinekanan.

⁶ Raja Yarobam ngalahir ka eta nabi, "Kaula pangnedakeun ka PANGERAN Allah andika, mugi ieu leungeun kaula ku anjeunna dicageurkeun deui!" Seug nabi teh neneda ka PANGERAN. Geus kitu panangan raja pulih deui sabiasa.

⁷ Raja sasauran ka nabi, "Linggih heula ka kaula urang tuang. Kaula rek mulang tarima."

⁸ Nabi ngawaler, "Najan dipaparin saparo kabeungharan Sang Raja, paliyas kaula dahar atanapi nginum sareng Sang Raja.

⁹ Margi timbalan PANGERAN, kaula teu meunang barang teda, ulah nginum-nginum acan. Wangsul oge teu kenging ka jalan urut tadi."

¹⁰ Ti dinya nabi tuluy mulih nganggo jalan sejen, henteu nyorang urut tadi.

¹¹ Harita di Betel aya hiji nabi sepuh. Ku putra-putrana diwartosan yen poe eta aya nabi ti Yuda, geus kitu-kitu sarta kitu-kitu pilahirna ka Raja Yarobam.

¹² "Ka jalan mana mulihna?" saur nabi sepuh.

¹³ Sanggeus dituduhkeun, nabi sepuh mundut dipangnyelaankeun kalde, bral angkat,

¹⁴ terus mudun nyusul nabi anu ti Yuda tea. Gancangna kasusul, keur ngaso handapeun tangkal kiara. Nabi sepuh mariksa, "Punten, leres kitu Ajengan teh nabi ti Yuda?" "Leres" waler anu dipariksa.

¹⁵ "Sindang heula ka rorompok, urang tuang," saur nabi sepuh.

¹⁶ Waler nabi ti Yuda, "Hatur nuhun kana pangangken dugi ka ngangkir dahar leueut. Mung hapunten teu tiasa ngiringan."

¹⁷ Margi timbalan PANGERAN sim kuring teu kenging barang teda, teu kenging nginum-nginum acan. Wangsul oge teu kenging ka jalan urut tadi."

¹⁸ "Bapa oge nabi sapertos Ajengan," saur nabi sepuh bari terus ngabohong, saurna, "Aya malaikat piwarangan PANGERAN ngalahir ka Bapa, miwarang nyindangkeun sareng ngangken ka Ajengan."

¹⁹ Tungtungna nabi ti Yuda teh ngiring ka nabi sepuh, tuluy dituangkeun.

²⁰ Sabot ngariung keneh meja, aya timbalan PANGERAN ka nabi sepuh.

²¹ Ngong nabi sepuh teh ngalahir tarik, "Timbalan PANGERAN, Maneh henteu ngesto ka Kami, ngalanggar timbalan Kami.

²² Maneh balik deui jeung dahar di tempat anu ku Kami dilarang. Ku sabab kitu maneh kudu paeh. Sarta mayit maneh moal dikuburkeun di makam kulawarga sorangan."

²³Beres taruang nabi ti Yuda ku nabi sepuh dipangrarangkenankeun kalde,

²⁴ti dinya bral angkat neruskeun perjalanan. Tapi tiwas, di tengah jalan pupus dirontok singa. Layonna ngajoprak di tengah jalan, ari kaldena kitu deui singana caricing bae di dinya ngabanding gigireunana.

²⁵Katenjo ku anu ngaraliwat eta layon keur dibanding ku kalde jeung singa, tuluy dibejakeun ka urang Betel.

²⁶Barang nabi sepuh ngadangu warta seug sasauran, "Moal salah tangtu eta teh nabi anu ngalanggar timbalan PANGERAN tea! Ku PANGERAN disina tiwas ku singa. Timbalan PANGERAN tinekanan."

²⁷Geus kitu anjeunna ngalahir ka putra-putrana, "Ama pangrarangkenankeun kalde!" Sanggeus tarapti,

²⁸bral angkat. Gancangna layon teh kapendak keur ngajolopong di tengah jalan dibanding ku kalde jeung singa. Eta singa henteu ngaganggu kana eta layon kitu deui kana kaldena.

²⁹Layon ku anjeunna diangkat kana tonggong kalde, dicandak ka Betel pikeun ditangisan jeung dimakamkeun.

³⁰Ku nabi sepuh tuluy dikurebkeun di makam kulawargina bari ditangisan, "Duh Ki Sanak, Ki Sanak!"

³¹Beres ngurebkeun, nabi sepuh wewekas ka pala putra, saurna, "Lamun Ama geus

maot, kuburkeun di ieu makam, rendengkeun jeung anjeunna.

³² Sagala kasauran anjeunna anu kedal ku timbalan PANGERAN perkara altar di Betel, kitu deui perkara tempat-tempat pangibadahan di kota-kota wewengkon Samaria tinangtu bakal tinekanan."

³³ Ari lampah Yarobam raja Israil jongjon teu aya saena. Malah anjeunna ngangkat imam-imam ti kaom-kaom anu ilahar, sina manghuluan di altar-altar kengingna ngadegkeun. Saha bae anu hayang jadi imam ku anjeunna terus diangkat.

³⁴ Dosa anjeunna kitu baris malindes ka salirana, matak tumpur bebeakan ka turunanana.

1 4 ¹Hiji mangsa putra pameget Yarobam anu jenengan Abia teu damang.

²Yarobam ngalahir ka geureuhana, "Nyai geura dangdan tuluy ka Silo, ka Nabi Ahia, anu bareto nyebutkeun yen Akang bakal jadi raja tea. Tapi kudu nyamar ngarah teu katangen.

³ Mawa roti sapuluh siki, kueh-kueh jeung madu sagoci keur kikintun. Taroskeun ka anjeunna kumaha kituh ieu si ujang teh geringna, tangtu ku anjeunna diwartoskeun."

⁴ Gasik geureuha Yarobam angkat ka Silo ka bumi Nabi Ahia. Eta nabi geus sepuh. Ku tina kasepuhanana socana geus teu ningali.

⁵Tapi geus diuningaan ku PANGERAN yen bakal kasumpingan garwa Yarobam anu rek mundut pituduh perkara panyawat putrana. Pikeun ngawalerna oge geus diuningaan. Gancangna garwa Yarobam geus sumping, niron-niron awewe biasa.

⁶Tapi barang keresek lebet ka lawang, ku nabi geus dihiap saurna, "Lebet Nyi Yarobam! Keur naon make nyamar? Ieu aya beja banget keur Nyai.

⁷Popoyankeun ieu timbalan PANGERAN pikeun Yarobam, kieu, Maneh teh ku Kami geus diangkat ti nu loba, dijieun raja nyangking umat Kami Israil,

⁸dibere karajaan beunang Kami nyandak ti turunan Daud. Kari-kari maneh bet henteu kawas abdi Kami Daud anu sakitu sumujudna, sakitu tuhuna kana timbalan-timbalan Kami, taya karepna nu sejen salian ti ngalampahkeun pangersa Kami.

⁹Sabalikna kalakuan maneh kacida dorakana, leuwih doraka ti batan raja-raja nu ti hareula. Maneh nonggongan ka Kami, nyundut amarah Kami ku nyieunan brahala jeung arca-arca keur sembaheun.

¹⁰Mana kanyahokeun, kulawarga maneh ku Kami rek ditumpes. Turunan maneh lalaki, nu kolot, nu ngora keneh, kabeh rek dibasmi sing tumpur. Ahli-ahli maneh ku Kami bakal disapu kawas nyapukeun kokotor.

¹¹ Satiap ahli Yarobam, paeh di kota bakal dihakan anjing, paeh di tegal bakal beak ku manuk gagak. Kitu timbalan Kami, PANGERAN."

¹² Ahia terus keneh sasauranana ka garwa Yarobam, "Jig geura balik. Engke, barang ce Nyai nincak nagara, anak Nyai geus kereles manten.

¹³ Eta budak maotna bakal diceungceurikan ku sakumna bangsa Israil sarta bakal dikubur. Ngan eta saurang ahli Yarobam anu maotna bakal dikubur tur mayitna dipulasara, sabab ngan eta saurang anu ku PANGERAN Allah Israil kapendak hade.

¹⁴ Satuluyna PANGERAN bakal ngajenengkeun hiji raja sejen nyangking Israil, anu baris namatkeun raja turunan Yarobam.

¹⁵ Nagara Israil ku PANGERAN bakal dihukum, dioyag-oyag lir galagh ditarajang ku nyeotna walungan. Urang Israil ku Mantenna bakal dirabut ti ieu tanah anu sakieu hadena paparin Mantenna ka karuhun maranehna. Bakal diawurkeun mancawura ka peuntaseun Walungan Eprat, lantaran geus nyarieun arca-arca batari Asera, nyundut bebendu PANGERAN.

¹⁶ Urang Israil bakal dikantun ku PANGERAN, lantaran Yarobam migawe dosa sarta ngadosakeun Israil."

¹⁷ Bral garwa Yarobam mulih ka bumina di Tirsa. Kakara ge anjeunna ngadampal bangbarung, putrana geus kereles manten ngantunkeun.

¹⁸ Ku urang Israil dicaleungceurikan, tuluy dikurebkeun. Timbalan PANGERAN anu diandikakeun ka Nabi Ahia abdi-Na tinekanan.

¹⁹ Carita hal Raja Yarobam, hal perangna, hal ngarajaanana, kaungel dina kitab Babad raja-raja Israil.

²⁰ Yarobam ngarajaanana dua puluh dua taun, tuluy pupus jeung dikurebkeun, digentos ku Nadab putrana jadi raja.

²¹ Ari Rehabam putra Suleman, mimiti jadi rajana teh dina yuswa opat puluh hiji taun. Ngarajaanana tujuh belas taun, di Yerusalem, kota anu ku PANGERAN dijungjung ti sakabeh wewengkon tanah Israil, jadi tempat paranti ngabakti ka Mantenna. Ari jenengan ibuna Naama, urang Amon.

²² Urang Yuda marigawe dosa, malah leuwih ti batan karuhunna, matak leuwih ngentab kana manah PANGERAN.

²³ Nyarieun tempat-tempat parantina ngabarakti ka allah-allah palsu, ngadegkeun tugu-tugu batu jeung arca-arca Asera paranti maranehna maruja di puncak-puncak pasir jeung di handapeun tangkal-tangkal anu ngarunggunuk.

²⁴ Nyucudna pisan di tempat ngabaraktina ka brahala teh lalaki awewe jararinah.

Jadi kalakuan urang Yuda teh kacida ngerakeunana, cara kalakuan bangsa-bangsa anu ku PANGERAN geus dialusir ti eta tanah basa urang Israil rek mimiti asup ka dinya.

²⁵ Dina taun kalima pamarentahan Rehabam. Yerusalem dirurug ku Raja Sisak ti Mesir.

²⁶ Eta raja ngajabel dunyabrama anu aya di Bait Allah jeung di karaton. Kepeng-kepeng emas kenging Suleman ngadamel tea ge dijabel.

²⁷ Ku Raja Rehabam digentos ku kepeng-kepeng tambaga, tuluy dititipkeun ka kapala-kapala tamtama anu ngajaraga gedong raja.

²⁸ Unggal raja angkat ka Bait Allah, eta kepeng-kepeng tambaga teh dibawa ku para pangawal, sanggeusna tuluy dipulangkeun deui ka tempatna di kamar jaga.

²⁹ Carita hal Raja Rehabam, kaungel dina Kitab Babad Raja-raja Yuda.

³⁰ Antara Raja Rehabam jeung Raja Yarobam sapanjang jarumenengna teu eureun-eureun silih perangan.

³¹ Sanggeus Raja Rehabam pupus jeung dikurebkeun di Kota Daud, karajaanana diteruskeun ku Abiam, putrana.

15¹ Abia mimiti jumenengna raja teh sanggeus Yarobam dalapan belas taun ngarajaanana di Israil.

² Abia ngarajaanana tilu taun, di Yerusalem. Jenengan ibuna Maaka binti Absalom.

³Abia oge teu beda ti ramana, midamel dosa, teu sumujud ka PANGERAN Allahna, teu cara Daud eyangna.

⁴Tapi papadaning kitu, ku tina PANGERAN emut ka Daud, Abia ku PANGERAN Allahna teu burung dipaparin putra pameget anu baris nuluykeun ngarajaan di Yerusalem gegentos anjeunna jeung sangkan Yerusalem bisa tetep ngadeg.

⁵Eta teh ku bawaning PANGERAN ngaraskeun ka Daud anu geus ngagenahkeun manah Mantenna, tara pisan nyimpang tina sagala timbalana-Na, kajaba sakali dina perkara Uria urang Het tea.

⁶Abia jeung Yarobam oge teu eureun-eureun silih perangan.

⁷Carita hal Abia kaungel dina Kitab Babad Raja-raja Yuda.

⁸Abia pupus sarta dimakamkeun di Kota Daud, tuluy digentos ku Asa putrana, jadi raja.

⁹Asa mimiti jumenengna raja teh sanggeus Yarobam dua puluh taun ngarajaan di Israil.

¹⁰Ngarajaanana di Yerusalem, opat puluh hiji taun lilana. Anjeunna putu Maaka binti Absalom.

¹¹Lampah Raja Asa ngagenahkeun manah PANGERAN saperti Daud karuhunna.

¹²Jelema-jelema anu ngabarakti ka brahala-brahala bari jarinah di tempat-tempat pangibadahanana, lalaki awewe kabeh

disingkah-singkahkeun dialusiran. Arca-arca brahala beunang ngadamel sepuh-sepuhna oge disingkir-singkirkeun.

¹³ Malah eyangna pisan, Maaka, dirorod tina kalungguhan ibu suri, lantaran ngadamel arca Dewi Asera, dewi kasuburan anu pikaijideun. Arcana ku anjeunna dikadek mani potong dua, tuluy diduruk di Lebak Kidron.

¹⁴ Ngan ari tempat-tempat pangibadahan ka brahala-brahala mah ku Asa diantep teu ditumpurkeun. Tapi sanajan kitu sapanjang jumenengna anjeunna tetep tuhu ka PANGERAN.

¹⁵ Barang-barang beunang ramana nyucikeun pikeun ka Allah kitu deui beunang anjeunna pribadi nyucikeun, paparabotan emas jeung perak, ku anjeunna disimpen di Bait Allah.

¹⁶ Antara Raja Asa ti Yuda jeung Raja Baasa ti Israil keur jarumenengna teu weleh silih perangan.

¹⁷ Hiji mangsa Baasa nempuh ka Yuda, tuluy ngabenteng kota Ramah, megat jalan kaluar asupna urang Yuda.

¹⁸ Tumali jeung eta, Raja Asa ngaluarkeun emas jeung perak sakarina ti kamar dunyabrana Bait Allah jeung karaton, dititipkeun ka mantri-mantrina sina dihaturkeun ka Raja Benhadad bin Tabrimon putu Hesion, Raja Siria anu calik di Damsik. Amanatna,

¹⁹"Urang ngahiji sauyunan sapertos rama urang kapungkur. Dupi ieu emas sareng perak sumeja kahaturkeun. Panuhun kaula mugi sampean ulah ngabantu deui ka Baasa raja Israil, supados eta raja narik baladna ti wewengkon kaula."

²⁰Raja Benhadad nyaluyuan kana pamundut Raja Asa, tuluy nginditkeun gegedug perangna sabalandna ka wewengkon Israil, nepi ka bisa ngarebut kota Iyon, Dan, Abel Bet Maaka, wewengkon deukeut Talaga Galilea, jeung sakuliah wewengkon Naptali.

²¹Barang Raja Baasa ngadangu eta kajadian, ngagentak liren ngabentengna kota Ramah, gancang ngabujeng ka Tirsa.

²²Geus kitu Raja Asa gancang marentah supaya urang Yuda ulah aya anu kari kudu ngabarantu ngakutan batu jeung kayu ti Ramah, anu ku Raja Baasa dianggo ngabenteng kota Ramah. Eta bahan-bahan ku Raja Asa dianggo ngabenteng Mispa jeung Geba di wewengkon Binyamin.

²³Lalampahan Raja Asa, kagagahanana, kota-kota anu dibenteng ku anjeunna, kaungel dina Kitab Babad Raja-raja Yuda. Dina kasepuhnakeun anjeunna katarajang kasawat dampal sampean nepi ka teu iasa angkat-angkatan.

²⁴Asa pupus, dikurebkeun di makam karajaan di Kota Daud. Karajaanana diteruskeun ku Yosapat, putrana.

²⁵ Sanggeus dua taun Raja Asa nyepeng karajaan Yuda, Nadab bin Yarobam jadi raja di Israil. Ngarajaanana ngan dua taun.

²⁶ Hirupna sarua jeung ramana, migawe dosa ka PANGERAN jeung ngadosakeun bangsa Israil.

²⁷ Baasa bin Ahia ti kaom Isaskar sakait ngalawan ka Nadab. Nadab ku Baasa ditelasan waktu keur ngepung kota Gibeton di nagara Pelisti.

²⁸ Ditelasanana dina taun katilu Raja Asa nyangking karajaan Yuda. Baasa jadi raja Israil ngaganti Nadab.

²⁹ Kakara ge jadi raja, Baasa terus numpes ahli-ahli Yarobam, dipaehan kabeh teu aya anu dihirupan. Timbalan PANGERAN anu diucapkeun ku Nabi Ahia abdi-Na, ti Silo, yen sakabeh ahli Yarobam bakal tumpur, geus tinekanan.

³⁰ Kitu temahna dosa Yarobam anu nyundut bebendu PANGERAN Allah Israil, jeung ngalantarankeun urang Israil marigawe dosa.

³¹ Lalampahan Nadab kaungel dina Kitab Babad Raja-raja Israil.

³² Antara Raja Asa ti Yuda jeung Raja Baasa ti Israil keur jarumenengna teu weleh silih perangan.

³³ Baasa mimiti jadina raja Israil teh dina taun katilu Raja Asa nyepeng karajaan Yuda. Calikna di Tirsa. Ngarajaanana dua puluh opat taun.

³⁴ Lalampahan anjeunna teu beda ti Raja Yarobam, midamel dosa sarta ngalantarankeun urang Israil marigawe dosa.

16¹ Geus kitu aya timbalan PANGERAN ka Yehu bin Hanani, ngembankeun timbalana-Na pikeun Baasa. Kieu timbalana-Na,

²"Maneh ku Kami geus dijungjung tina cacah kuricakan jadi raja nyangking umat Kami Israil. Kari-kari kalakuan maneh henteu beda ti Yarobam, migawe dosa jeung ngadosakeun umat Kami, nepi ka dosa maranehna matak ngentab manah Kami.

³ Mana maneh katut sanak baraya ku Kami bakal dipiceun, arek disaruakeun jeung Yarobam.

⁴ Saban jalma ti sanak baraya maneh, paeh di kota bakal dihakan anjing, paeh di tegal bakal beak ku manuk gagak."

⁵ Lalampahan Baasa jeung kagagahanana kaungel dina Kitab Babad Raja-raja Israil.

⁶ Baasa pupus, dimakamkeun di Tirsa. Karajaanana diteruskeun ku Ela, putrana.

⁷ Kitu timbalan PANGERAN perkara Baasa jeung sanak barayana anu didongkapkeunana ku Nabi Yehu, lantaran Baasa midamel dosa ka Mantenna. Anjeunna kudu narima eta hukuman ti PANGERAN, lantaran nya midamel dosa saperti kalakuan Yarobam, nya numpes ahli-ahli Yarobam ongkoh.

⁸Ela mimiti jadina raja Israil teh dina taun kadua puluh genep Raja Asa ngarajaan nagara Yuda. Calikna di Tirsa, ngarajaanana dua taun.

⁹Aya anu sakait ngamusuh ka anjeunna, nya eta Simri, anu ngapalaan saparo pasukan kareta raja. Hiji waktu Ela ngaleueut nepi ka mabok di bumina Arsa mantri karaton, di Tirsa.

¹⁰Sabot kitu Simri asup, Ela ditelasan. Ti dinya Simri ngaganti jadi raja. Eta kajadianana dina taun kadua puluh tujuh Raja Asa ngarajaan nagara Yuda.

¹¹Sanggeus Simri jadi raja, harita keneh terus numpes sanak baraya Baasa. Wargi-wargi jeung mitra-mitrana, sakur anu lalaki mah beak, kabeh diparaahan.

¹²Timbalan PANGERAN ku jalan Nabi Yehu perkara Baasa tea tinekanan. Kulawargina kabeh tumpes dipaahan ku Simri,

¹³temahna tina lampah maranehna anu muja arca-arca jeung nyasabkeun Israil sina marigawe dosa. Baasa kitu deui Ela putrana, geus nyundut bebendu PANGERAN Allah Israil.

¹⁴Lalampahan Ela kaungel dina Kitab Babad Raja-raja Israil.

¹⁵Simri mimiti jadina raja Israil dina taun kadua puluh tujuh Raja Asa nyangking nagara Yuda. Calikna di Tirsa, ngarajaanana ngan

tujuh poe. Harita balad Israil keur ngepung kota Gibeton di tanah Pelisti.

¹⁶ Barang balad ngadarenge yen Simri baha jeung maehan raja, seug harita keneh, di dinya keneh ngajenengkeun Panglima Omri jadi raja Israil.

¹⁷ Omri sabalandna mulih ti Gibeton tuluy ngepung kota Tirsa.

¹⁸ Barang nangenan yen eta kota geus ragrag, Simri lebet ka benteng di jero karaton, ger karaton diduruk, sarta anjeunna oge tiwas kaduruk,

¹⁹ bayaran lampahna midamel dosa ka PANGERAN. Teu beda ti Yarobam anu saheulaeunana, Simri oge matak bendu PANGERAN, midamel dosa sarta ngalantarankeun urang Israil marigawe dosa.

²⁰ Lalampahan Simri jeung hal ngabelotna, kaungel dina Kitab Babad Raja-raja Israil.

²¹ Rahayat Israil pecah. Saparo rek ngangkat Tibni bin Ginat jadi raja, saparo deui tetep misuka ka Omri.

²² Ahirna anu meunang teh anu nyekel Omri. Tibni tiwas, Omri jadi raja.

²³ Omri mimiti jadina raja Israil dina taun katilu puluh hiji Raja Asa nyangking nagara Yuda. Ngarajaanana dua belas taun, calikna mimitina di Tirsa meunang genep taun.

²⁴ Ti dinya ngagaleuh pasir Samaria ti Semer genep rebu gebleg uang perak. Eta pasir ku anjeunna dibenteng, diadegan kota anu

dingaranan Samaria, nyokot tina ngaran Semer asal nu bogana.

²⁵ Omri midamel dosa ka PANGERAN, malah leuwih ti nu ti hareula.

²⁶ Teu beda ti Yarobam anu saheulaeunana, anjeunna oge nyundut bebendu PANGERAN Allah Israil, midamel dosa, nyasabkeun Israil kana dosa jeung sina nyarembah ka brahala.

²⁷ Lalampahan Omri, jeung hal ihtiarna pikeun nyampurnakeun kakawasaanana, kaungel dina Kitab Babad Raja-raja Israil.

²⁸ Omri pupus, dimakamkeun di Samaria, tuluy digentos ku Ahab, putrana, jadi raja.

²⁹ Ahab putra Omri mimiti jadina raja Israil dina taun katilu puluh dalapan Raja Asa nyangking nagara Yuda. Calikna di Samaria, ngarajaanana dua puluh dua taun.

³⁰ Anjeunna oge midamel dosa ka PANGERAN, tur leuwih ti nu ti hareula.

³¹ Anjeunna mah kawas tacan ngaraos cukup ku midamel dosa cara kalakuan Yarobam, da nepi ka geureuhaan ka Isebel putra Raja Etbaal raja nagara Sidon sarta ngabakti ka Dewa Baal.

³² Dewa Baal teh ku anjeunna dipangdamelkeun kelenteng di Samaria, dipangdamelkeun altar sagala, diteundeunna di eta kelenteng.

³³ Diwuwuhan deui ku ngadamel arca Dewi Asera. Matak benduna PANGERAN Allah Israil

teh anjeunna mah pohara kacida, leuwih ti raja-raja Israil nu ti hareula.

³⁴ Jaman anjeunna jadi raja, aya jelema ngaran Hiel urang Betel, ngadegkeun deui kota Yeriho. Mangsa eta, cocog sakumaha anu geus ditimbalkeun ku PANGERAN ku jalan Yosua putra Nun tea, nya eta: Waktu Hiel masang pademen kota Yeriho, nu jadi parepehna teh Abiram, putra cikalna, sarta waktu ngadamel gapurana diparepehan ku Segub, putra bungsuna.

17 ¹Aya hiji nabi jenenganana Elias, urang Tisbe wewengkon Gilad. Dina hiji poe anjeunna marek ka Raja Ahab sarta misaur kieu, "Demi pajenengan PANGERAN Allah Israil anu jumeneng, anu dipigusti ku kaula, kaula mopoyankeun ka raja, yen di jero dua tilu taun ieu di dieu moal turun ibun moal turun hujan, nepi ka engke upama geus aya ucap kaula deui."

²Sanggeusing kitu PANGERAN nimbalan ka Elias,

³"Ieu tempat tinggalkeun. Maneh kudu ka wetan, tuluy kudu nyumput di sisi Susukan Kerit peuntaseun Walungan Yordan beulah wetan.

⁴Maneh bisa nginum ti eta susukan, sarta Kami rek nitah manuk gagak mawakeun dahareun maneh."

⁵Elias tumut kana timbalan PANGERAN, seug angkat ka Susukan Kerit sarta terus nyumput di dinya.

⁶Ari ngaleueutna ti eta susukan, tuangna roti jeung daging, isuk sore saban poe dianteuran ku manuk gagak.

⁷Lila ti lila eta susukan teh saat ku banget-bangetna halodo.

⁸Geus kitu PANGERAN nimbalan ka Elias,

⁹"Maneh kudu pindah ka kota Sarpat deukeut Sidon. Di ditu aya hiji randa, anu ku Kami geus ditimbalan supaya mere dahar ka maneh."

¹⁰Bral Elias angkat ka Sarpat. Gancangna geus sumping ka lawang kota, beh anjeunna ningali aya randa eukeur ngarorotek suluh. "Nyai, cik Bapa menta cai saeutik hayang nginum," saurna ka eta randa.

¹¹Sanggeus nyi randa ngaleos rek nyokot cai, ku Elias dicalukan deui, saurna, "Jeung rotina saeutik mah!"

¹²Ari tembalna, "Demi PANGERAN Allah anu jumeneng, panutan Bapa, abdi teh balaka bae parantos teu gaduh tedaean. Kantun tipung sakeupeul dina wadah, sareng minyak jetun sakeclak dina cecenting. Ieu suluh kenging ngarorotek di dieu teh kangge ngasakkeun eta anu saeutik, keur abdi sareng pun anak. Kantun sakitu-kituna. Seep eta mah kantun ngantos-ngantos ajal ku langlayeuseun."

¹³"Ulah salempang," waler Elias. "Jig bae asakkeun eta dahareun teh. Mun geus asak, heulakeun sakeupeul mah ka dieu jang Bapa, engke kakara jang Nyai jeung budak.

¹⁴Sabab kieu timbalan PANGERAN Allah Israil, Eta tipung moal beak-beak dina wadahna, minyak moal saat-saat dina cecentingna, nepi ka engke, ana Kami geus nurunkeun deui hujan."

¹⁵Randa teh balik, nyumponan pamundut Elias. Elias, nyi randa jeung anakna cukup dahareun lila pisan.

¹⁶Sakumaha timbalan PANGERAN anu diucapkeun ku Elias, tipung henteu beak-beak, minyak henteu saat-saat.

¹⁷Dina hiji mangsa anak nyi randa gering, beuki payah, beuki payah, tungtungna maot.

¹⁸Nyi randa unjukan ka Elias, "Nun piwarangan Allah, ku naon abdi teh dikieu-kieu? Bapa sumping ka dieu teh naha supados Allah emuteun kana dosa abdi, dugi ka nyabut nyawa pun anak?"

¹⁹"Bawa budakna ka dieu," waler Elias. Seug eta budak teh ku anjeunna dipayang tuluy dicandak ngunggahan tangga ka kamar anjeunna di loteng, lajeng digolerkeun dina enggon.

²⁰Geus kitu anjeunna neneda, tarik, "Nun PANGERAN Allah sim abdi, ku naon margina ieu randa anu parantos sakitu ihlasna kaanjrekan ku jisim abdi ku Gusti

dicilakakeun, nyawa anakna ku Gusti dicabut?"

²¹ Geus kitu Elias nangkubkeun anjeun kana awak eta budak tilu kali, pok sasambat deui, "Nun PANGERAN Allah sim abdi, mugi-mugi rohna ieu budak sina wangsul deui kana jasadna!"

²² Panyambat Elias ku PANGERAN dimakbul, budak teh ngambekan deui, hirup deui.

²³ Ti dinya eta budak teh ku Elias dicandak turun, diserenkeun ka indungna bari saurna, "Nyai, tuh budak teh hirup!"

²⁴ Wangsulna, "Bapa teh saestuna piwarangan Allah. Sayaktosna pisan Bapa teh ngemban pangandika PANGERAN!"

18 ¹Dina hiji mangsa, sanggeus halodo tea nincak kana tilu taun, PANGERAN nimbalan ka Elias, "Tepungan Raja Ahab. Kami rek nurunkeun hujan."

²Bral Elias angkat. Harita paceklik di Samaria keur babangetna.

³Tuluy Ahab nyaur Obaja, kawasa karaton. (Obaja teh kacida ibadahna ka PANGERAN,

⁴nepi ka basa Isebel maehan nabi-nabi PANGERAN, Obaja nyumputkeun saratus nabi di dua guha, saguhana lima puluh, dahar leueutna diurus.)

⁵Timbalan Ahab ka Obaja, "Coba urang kaluar, urang ngilik cinyusu-cinyusu atawa susukan-susukan anu aya di ieu tanah, sugar aya keneh anu jukutan, supaya kuda jeung

bigal ulah paraeh, ulah nepi ka urang kudu
meuncitan eta sasatoan."

⁶Seug aranjeunna pasini sorangeun, bral
arangkat, raja ka ditu Obaja ka dieu, seja
ngajajah tanah.

⁷Di satengahing jalan Obaja paamprok
jeung Elias, kenaleun keneh ka anjeunna,
seug munjungan bari tumaros, "Leres ieu teh
Bapa?"

⁸"Enya, Bapa teh Elias. Jung wartoskeun ka
raja gusti hidep, aya Bapa kituh di dieu."

⁹Obaja ngawangsul, "Naon dosa abdi, mana
dipiwarang ngunjukkeun Bapa aya di dieu ka
Raja Ahab? Malar abdi dipaehan ku anjeunna?

¹⁰Demi PANGERAN anu jumeneng, Allah
anu ku Bapa disembah, sayaktosna Bapa teh
ku raja dipilari ka saban nagri, disaksrak ka
sajajagat. Upami raja hiji nagara nyebatkeun
Bapa teu aya di nagarana teh ku Ahab dugi
ka dipundut sumpah, yen leres Bapa teu aya.

¹¹Saur Bapa bieu, abdi kedah ngunjukkeun
ka anjeunna Bapa aya di dieu.

¹²Upami sabot abdi ka ditu Bapa dicandak
ku Roh PANGERAN biheung ka mana, kumaha
balukarna abdi? Hanas Bapa diunjukkeun aya
di dieu, kari-kari ku raja henteu kasondong,
moal lepat tangtos abdi ku anjeunna
dipaehan. Ti bubudak abdi teh ibadah ka
PANGERAN.

¹³Nalika Isebel maehan nabi-nabi
PANGERAN, abdi teh nulungan saratus nabi,

disumputkeun di dua guha lima puluh lima puluh, dahar leueutna diurus. Bapa ngadangu wartosna?

¹⁴ Ku naon dugi ka miwarang sangkan abdi ngunjukkeun ka raja yen Bapa aya di dieu? Tangtos abdi ku anjeunna dipaehan!"

¹⁵ Elias ngawaler, "Demi PANGERAN Anu Maha Kawasa, anu ku Bapa diabdi, Bapa enya-enya seja nembongan ka raja poe ieu."

¹⁶ Obaja angkat wawartos ka Raja Ahab. Tuluy raja sumping ka Elias.

¹⁷ Barang ningali ka Elias, raja ngalahir, "Tah, ieu geuning maneh aya di dieu, tukang nyusahkeun di Israil teh!"

¹⁸ Waler Elias, "Sanes kaula tukang nyusahkeun mah, nanging Raja ku anjeun. Raja sareng kulawargi Raja tukang nyusahkeun mah. Sang Raja ngarempak timbalan-timbalan PANGERAN, nyembah ka arca Baal.

¹⁹ Mugi raja marentahkeun ka urang Israil sina darongkap ka kaula di Gunung Karmel, sareng nabi-nabi Baal anu opat ratus lima puluh urang, kitu deui nabi-nabi Dewi Asera anu opat ratus urang, anu naredana dicekapan ku Isebel."

²⁰ Gancangna sakumna bangsa Israil jeung nabi-nabi Baal opat ratus lima puluh urang, kitu deui nabi-nabi Dewi Asera ku Ahab dipiwarang kumpul di Gunung Karmel.

²¹ Sanggeus karumpul, Elias majeng nyaketan jalma rea, seug ngalahir, "Rek nepi ka iraha aranjeun midua hate? Upama PANGERAN anu jumeneng Allah, sing narurut ka Mantenna. Upama Baal anu jadi Allah, Baal tarurut!" Jalma rea ngabaretem, henteu nembal sakemek.

²² Elias ngalahir deui, "Ieu kaula nabi PANGERAN kari sorangan, nabi-nabi Baal opat ratus lima puluh urang.

²³ Coba mawa sapi ka dieu dua siki. Peuncit hiji ku nabi-nabi Baal, potong-potong, terus kana hurunan suluhkeun, tapi ulah waka diseuneuan. Kaula ge nya kitu rek meuncit nu hiji deui.

²⁴ Nabi-nabi Baal kudu sasambat ka dewana, kaula ge rek sasambat ka PANGERAN. Mana-mana anu disambat tea ngamakbul ngintun seuneu, eta nu jumeneng Allah." Jalma-jalma keprok sarurak.

²⁵ Elias ngalahir ka nabi-nabi Baal, "Ku sabab aranjeun lobaan, pek ti hareula meuncit sapina, petakeun sakumaha mistina, tuluy sasambat ka dewa aranjeun menta pangdurukkeun eta suluh."

²⁶ Seug nabi-nabi teh meuncit sapi terus dipotong-potong, tuluy reang sasambat ka dewana nepi ka tengah poe, pokna, "Nun Baal, mugi ngawaler!" Kitu bae saterusna bari tingalajrug ngurilingan altar jieunna. Tapi lebeng taya walonanana.

²⁷ Sanggeus tengah poe, Elias ngalahir ka maranehna, ngabanyolan, saurna, "Tarikan sasambatna! Dewa eta teh, lain? Palangsiang keur ngalamun atawa eukeur ka cai, atawa keur jalan-jalan! Atawa keur bobo. Geuingkeun sina gugah!"

²⁸ Nabi-nabi sasambatna beuki bedas, tuluy narurihan maneh ku peso jeung belati sakumaha adatna, getihna mani baloboran.

²⁹ Kitu jeung kitu bae bari reang ngarocoblak nepi ka asar. Tapi lebeng teu aya walonanana, teu sora-sora acan.

³⁰ Elias ngalahir ka jalma rea, "Ka darieu sing dareukeut!" Rob jalma rea ngararonyong ka anjeunna anu terus peta-peta rek ngomean altar PANGERAN anu geus runtuh.

³¹ Anjeunna ngumpulkeun batu dua belas siki, ngalambahkeun dua belas kaom anu make ngaran pala putra Yakub, jalmi anu ku PANGERAN dilandi Israil tea.

³² Batu-batu teh ku anjeunna dianggo ngawangun deui altar paranti ngabakti ka PANGERAN. Sakuriling altarna ku anjeunna dikali disolokankeun, teu wudu rubak, bisa muat cai kira-kira lima belas litereun.

³³ Beres eta anjeunna neundeunan suluh kana luhur altar, tuluy meuncit sapi sarta dipotong-potong, diteundeunan kana luhur suluh. Pok ngalahir, "Mawa cai ka dieu opat tahang, banjurkeun kana ieu pikurbanneun jeung suluhna." Ku jalma-jalma ditarurut.

³⁴"Deui," saurna. Prak dibanjuran deui.
"Sakali deui!" saurna. Prak dibanjur deui mani cipruk.

³⁵Caina tingcurulung ka sakuriling altar tuluy ngababayah minuhan solokanana.

³⁶Sanggeus nitih kana wanci ngurban burit, Nabi Elias nyaketan altar tuluy neneda, "Nun PANGERAN, Allah Ibrahim, Ishak, sareng Yakub, mugi nyatakeun yen Gusti teh Allah Israil, sareng nyatakeun yen sim abdi teh piwarangan Gusti tur parantos nedunan sugri timbalan.

³⁷Mugi ngamakbul, nun PANGERAN, mugi ngamakbul, supados ieu jalmi-jalmi tarerangeun yen Gusti teh PANGERAN, Allah, anu kersa ngahiap deui ka maranehna supados marulang deui ka Gusti."

³⁸Gur PANGERAN ngadatangkeun seuneu ti awang-awang, ngahuru kana kurban, kana suluh, kana batu, taneuh ge datang ka geheng, cai dina solokanana diletak nepi ka garing.

³⁹Jalma-jalma brak-bruk sarujud mareubeutkeun maneh kana taneuh, breng ngarucap, "PANGERAN teh estu Allah! Taya Allah lian ti PANGERAN!"

⁴⁰Elias marentah, "Tangkep nabi-nabi Baal! Ulah aya anu kabur!" Seug nabi-nabi Baal teh ditewakan, tuluy ku Nabi Elias digiring, mudun ka Susukan Kison, dipaahan kabeh di dinya.

⁴¹ Geus kitu Elias ngalahir ka Raja Ahab, "Parantos waktos tuang, mangga geura tuang. Tah sada hujan parantos ngaguruuh."

⁴² Sabot Ahab rek prak tuang, Elias nanjak ka puncak Gunung Karmel. Di puncak brek sideku, mastakana di antara dua tekuna.

⁴³ Geus kitu ngalahir ka pangiring, "Coba tempo ka laut!" Pangiring ngagidig, ana datang deui unjukan, "Teu aya naon-naon." Nepi ka tujuh kali dipiwarangna pulang anting ngawas-ngawas laut teh.

⁴⁴ Katujuh kalina ana datang deui seug unjukan, "Nun, sumuhun jisim abdi ningal aya mega sagede leungeun jalmi unggah ti laut." Saur Elias ka pangiring, "Buru-buru ka Raja Ahab sina enggal-enggal kana kareta, geuwat mulih kituh bilih kapegat hujan."

⁴⁵ Teu sabaraha lilana, langit reueuk mani angkeub, gelebug angin, breg hujan gede pisan. Ahab gura-giru kana kareta, mulih ka Yisrel.

⁴⁶ Ari Elias harita keneh kadongkapan ku pangawasa PANGERAN, ret raksukanana dibeulitkeun kana angkeng, tuluy nyusul, lumpatna miheulaan Ahab terus ka Yisrel.

19¹ Sakabeh lampah Elias jeung hal anjeunna ngabinasa nabi-nabi Baal, ku Ahab dicarioskeun ka Isebel, geureuhana.

² Seug Isebel ngirim ancaman ka Elias, saurna, "Mugia kami dihukum ku para dewa, malah sing dipaahan, lamun isukan wayah

kieu henteu ngabales ka maneh sakumaha
kalakuan maneh ka nabi-nabi Baal!"

³ Elias sieuneun, tuluy kabur ka Bersyeba
wewengkon Yuda, duaan jeung pangiring.
Sumping ka dinya pangiringna dikantun,

⁴ ari anjeunna kebat angkatna sapoe
jeput ngajugjug ka tanah gurun. Sumping-
sumping brek calik ngiuhan handapeun
tangkal harendong, ngarasula mundut
ajal, piunjukna, "Parantos teu kiat, nun
PANGERAN, mangga candak nyawa abdi,
mending oge ajal."

⁵ Geus kitu tuluy nyangkere handapeun
tangkal harendong, reup kulem. Sabot kitu
aya malaikat noel ka anjeunna, ngalahir kieu,
"Geura hudang, geura dahar!"

⁶ Elias gugah, ret ka mastakaeun bet aya
roti sasaki jeung cai sakendi. Roti dituang, cai
dileueut, geus kitu ebog deui.

⁷ Malaikat PANGERAN sumping deui
ngagugahkeun, "Geura hudang, geura dahar,
jauh keneh lalakon!"

⁸ Elias gugah, roti dituang, cai dileueut. Ku
kasiat eta katuangan, anjeunna nepi ka kuat
lumaku opat puluh poe opat puluh peuting,
nepi ka Gunung Sinai, gunung anu suci tea.

⁹ Sup lebet ka hiji guha terus kulem. Geus
kitu PANGERAN ngagentaan ka anjeunna,
"Elias, keur naon di dieu?"

¹⁰ Waler Elias, "Nun GUSTI Allah Anu
Maha Kawasa, abdi kumureb ka Gusti teh

dugi ka kieu, teu aya deui anu dikawulaan mung Gusti. Dupi urang Israil parantos ingkar tina jangji ka Gusti, altar-alter Gusti diruntuh-runtuhkeun, nabi-nabi Gusti diparaahan, mung kantun abdi anu hirup keneh, kitu ge diarah-arah!"

¹¹ Timbalan PANGERAN, "Geura bijil, marek ka Kami di puncak ieu gunung." Lar PANGERAN ngalangkung bari ngabijilkeun angin gede pisan, nepi ka gunung-gunung rarempu, cadas-cadas aroyag, tapi PANGERAN teu aya dina eta angin. Angin rerep, riyeg aya lini, tapi PANGERAN teu aya dina eta lini.

¹² Lini eureun, gur aya seuneu, tapi PANGERAN teu aya dina eta seuneu. Seuneu pepes, tuluy aya soara leuleuy sada harewos.

¹³ Barang ngadangu eta soara, Elias ka luar bari meungpeunan raray ku harudum, tuluy ngadeg dina sungut guha. Ngong aya gentra, "Elias, keur naon di dieu?"

¹⁴ Elias ngawaler, "Nun GUSTI Allah Anu Maha Kawasa, abdi kumureb ka Gusti teh dugi ka kieu, teu aya deui anu dikawulaan mung Gusti. Dupi urang Israil parantos ingkar tina jangji ka Gusti, altar-alter Gusti diruntuh-runtuhkeun, nabi-nabi Gusti diparaahan, mung kantun abdi anu hirup keneh, kitu ge diarah-arah!"

¹⁵ Timbalan PANGERAN, "Balik deui ka jalan urut tadi nyorang tanah gurun anu ka

Damsik. Lamun geus aya di kota, maneh kudu ngaminyakan Hasael, jadikeun raja Siria,

¹⁶ngaminyakan Yehu bin Nimsi, jadikeun raja Israil, jeung ngaminyakan Elisa anak Sapat ti Abel Mehola, jadikeun nabi gaganti maneh.

¹⁷Ari geus kitu, anu luput tina pedang Hasael tangtu beunang ku pedang Yehu; anu luput tina pedang Yehu, tangtu tiwas ku Elisa.

¹⁸Urang Israil ku Kami ngan rek disesakeun tujuh rebu urang anu hirup, nya eta anu saratia ka Kami, anu henteu kungsi sujud ka arca Baal, atawa nyium ka eta."

¹⁹Bral Elias jengkar mendakan Elisa. Elisa kasampak keur ngawuluku ku sapi sapasang. Di payuneunana aya deui sabelas pasangan, ari anjeunna ngawulukuna ku pasangan pangtukangna. Elias muka harudumna tuluy dianggokeun ka Elisa.

²⁰Cul Elisa ngantunkeun sapina, ngudag ka Elias bari miunjuk, "Ama, abdi bade ngiring, mung nyuhunkeun widi heula bade amitan ka pun bapa sareng pun biang!" Waler Elias, "Jig balik heula, Ama moal ngahalang-halang!"

²¹Elisa nyampeurkeun pasangan sapina, duanana ku anjeunna dipeuncit, dagingna dipasak diolahkeun di dinya, diseuneuanana ku rarangken sapi, tuluy disuguhkeun ka nu araya di dinya, seug didalahar. Geus kitu Elisa ngiring ka Elias sarta jadi pangbantu anjeunna.

20¹ Hiji mangsa Benhadad Raja Siria mepek baladna, direujeungan ku tilu puluh dua raja-raja lianna, mawa pasukan kuda katut pasukan karetana. Tuluy ngepung jeung narajang kota Samaria.

² Geus kitu Benhadad ngirim jelema-jelemana ka Ahab raja Israil di eta kota, mawa timbalan kieu, "Raja Benhadad mundut supaya

³ anjeun nyerenkeun emas, perak, pamajikan-pamajikan anjeun, kitu deui anak-anak anjeun anu karuat awakna."

⁴ Waler Ahab, "Unjukkeun ka gusti Raja Benhadad, kaula nurut masrahkeun diri katut sagala pangaboga."

⁵ Tapi ari geus kitu, para utusan teh daratang deui ka Ahab, ngemban deui timbalan Raja Benhadad, "Dawuhan kami ti heula, emas, perak, pamajikan-pamajikan, jeung anak-anak maneh, serenkeun ka kami.

⁶ Dawuhan kami ayeuna, kami rek miwarang perwira-perwira kami ngarahrah karaton maneh jeung imah-imah para pagawe maneh. Sakur nu dianggap aya hargana arek dijabel. Perwira-perwira kami daratangna isukan wayah kieu."

⁷ Raja Ahab badanten jeung para pamingpin kota, timbalanana, "Kawas kitu mah eta manusia teh rek numpurkeun! Kamari menta garwa-garwa jeung putra-putra kami katut emas perak. Kami geus rujuk."

⁸Pihatur para pamingpin, kitu deui jalma-jalma nu araya, "Teu kedah dipalire, ulah dirujukan."

⁹Saur Ahab ka para utusan Benhadad, "Unjukkeun ka gusti sang raja, kaula rujuk nyumponan pamundutna nu ti heula. Pamundutna anu ayeuna kaula teu bisa narima." Utusan arindit. Tapi ari geus kitu bet daratang deui mawa timbalan

¹⁰ti Benhadad, "Kami rek ngarurug, mawa balad gede rek ngabasmi ieu kota maneh, nepi ruruntukna diakut ngan ku leungeun maranehna wungkul oge tangtu beak. Kami menta ka para dewa supaya kami dihukum, malah sing dipaehan upama hal ieu ku kami teu dibuktikeun!"

¹¹Waler Raja Ahab, "Bejakeun ka Benhadad, prajurit sajati mah kumalungkungna sanggeus tarung, lain samemehna!"

¹²Waleran ti Raja Ahab katarimana waktu Raja Benhadad jeung raja-raja anu ngareujeunganana keur nginum-nginum di pakemahan. Seug anjeunna marentah ka balad sangkan tatan-tatan geusan narajang.

¹³Sajeroning kitu, aya nabi marek ka Raja Ahab, unjukan kieu, "Kieu timbalan PANGERAN, Teu kudu gimir ku balad anu sakitu gedena! Poe ieu maneh ku Kami rek dikersakeun unggul, sangkan nyaho yen Kami teh PANGERAN."

¹⁴Ahab mariksa, "Saha anu kudu mingpin panarajang?" Waler nabi, "Timbalan PANGERAN prajurit-prajurit anu ngarora, pamingpinna para gupernur." Raja Ahab mariksa deui, "Saha anu kudu mingpin pasukan inti?" Waler nabi, "Sang Raja ku anjeun."

¹⁵Raja natakeun pasukan prajurit ngora, dikapalaan ku para gupernur, aya dua ratus tilu puluh dua prajurit. Ti dinya natakeun balad Israil, aya tujuh rebu prajurit.

¹⁶(20: 16-17) Wanci tengah poe diinditkeun, pasukan prajurit ngora ti heula. Ari Benhadad jeung tilu puluh dua raja-raja baturna harita keur marabok inuman di kemah-kemahna. Sabot kitu anu dijurung ngintip ku Benhadad daratang, ngunjukkeun yen aya pasukan kaluar ti Samaria.

¹⁷(20: 16)

¹⁸Timbalan Benhadad, "Tangkep hirup-hirup, boh nu rek narajang, boh nu rek menta taluk."

¹⁹Prung pasukan prajurit ngora narajang ti heula, disusul ku balad Israil,

²⁰pada-pada meunang lawan, pada-pada unggul niwaskeun musuhna. Urang Siria kalabur, terus diudag-udag ku balad Israil. Benhadad luput, kabur tumpak kuda jeung sawatara urang serdadu kuda.

²¹ Pasanggrahanana ku Ahab dibereyek, kuda jeung kareta-karetana dirampas. Balad Siria elehna lain sisiwo.

²² Nabi tea marek deui ka Ahab, miunjuk, "Sang Raja kedah sasayagian deui, kedah waspada sareng caringcing. Saparantos musim ieu Raja Siria bakal narajang deui."

²³ Raja Benhadad diunjukanan ku para mantrina, "Dewa-dewa urang Israil teh dewa-dewa gunung, pantes urang eleh. Upami dibantun tarung di nu lempar mah tangtos itu eleh.

²⁴ Ku margi kitu, raja-raja anu tilu puluh dua teh ulah mingpin deui, gentos ku panglima-panglima lapangan.

²⁵ Balad susun deui, seueurna sing sami sareng anu eleh ti payun, kuda sareng karetana oge sing sami seueurna sareng kamari ieu. Urang Israil urang ayonan di nu lempar, moal teu kawon." Pirempugna ku Benhadad kasaluyuan.

²⁶ Sanggeus ganti musim, anjeunna mepek deui balad terus diinditkeun ka kota Apek, rek merangan deui urang Israil.

²⁷ Urang Israil oge geus pepek nyarikep pakarang. Prung maju tuluy masanggrahan, dibagi dua gunduk disanghareupkeun ka balad Siria. Dibanding jeung balad Siria anu minuhan sawewengkon pasision, balad Israil mah katenjona teh teu beda ti embe dua gonyok.

²⁸Jol nabi teh marek deui ka Ahab sarta miunjuk, "Kieu timbalan PANGERAN, Ku sabab Kami ku Raja Siria dipajarkeun dewa gunung, lain dewa tanah lempar, balad Siria anu sakitu lobana ku Kami rek dielehkeun, maneh anu bakal meunang, sangkan maneh jeung jalma-jalma maneh nyarahoeun yen Kami teh PANGERAN."

²⁹Sanggeus tujuh poe balad Siria jeung balad Israil silih sanghareupan, dina katujuh poena prung bae tarung campuh. Balad Israil unggul. Balad Siria aya saratus rebu serdadu anu paraeh,

³⁰anu harirup keneh kalabur maribus ka kota Apek. Tapi kuta eta kota ngadadak ambrug, balad Siria anu paraeh katinggang kuta aya dua puluh tujuh rebu serdadu. Benhadad oge mibusna ka dinya, nyumput di hiji imah di kamar tukang.

³¹Para mantrina arunjukan, "Wartosna raja-raja Israil teh sipatna hampuraan. Abdi-abdi widian ngadeuheus ka raja Israil bari meulit cangkeng ku karung, ngongkorongan beuheung ku tambang, malak mandar jadi matak salamet Sang Raja."

³²Seug maranehna ngabaleubeuran cangkengna ku karung jeung ngongkorongan beuheungna ku tambang, tuluy ngadareuheusan ka Raja Ahab. Pok arunjukan, "Nun, badega gamparan Benhadad, aya pihatureun nyuhunkeun

dihirupan." Waler Ahab, "Kutan teh hirup keneh? Sukur! Puguh asa ka dulur ka anjeunna teh!"

³³Kasauranana ku mantri-mantri Benhadad dianggap galagat hade, geuwat diteuleuman estu henteuna. Barang Ahab nyebutkeun "dulur", geuwat ditempas, "Leres satimbalan, Benhadad teh tuang saderek." "Bawa ka dieu atuh," waler Ahab. Jol Benhadad sumping, ku Ahab dibageakeun, dicandak calik sakareta.

³⁴Benhadad tuluy misaur, "Kaula seja mulangkeun kota tuang rama anu kapungkur dirampas ku pun bapa. Sareng mangga Sang Raja muka pasar di Damsik, sapertos pun bapa kapungkur di Samaria." Waler Ahab, "Upami kitu sarat perjangjianana, sampean ku kaula dibebaskeun." Geus kitu Ahab jeung Benhadad nanda perjangjian, sarta Benhadad dileupaskeun.

³⁵Aya hiji anggota rombongan nabi, kalawan timbalan PANGERAN mundut ditampiling ka rerencanganana tunggal nabi, tapi henteu digugu.

³⁶Mana saurna, "Ku sabab anjeun nolak timbalan PANGERAN, engke sanggeus mios ti dieu bakal tiwas ku singa." Barang leos nabi rerencanganana ingkah ti dinya, gok pasanggrog jeung singa, gabrug ku singa dirontok nepi ka tiwas.

³⁷ Nabi anu tadi mundut deui ka nu sejen, "Kaula tampiling!" Digugu, tuluy ditampiling satarikna.

³⁸ Ti dinya eta nabi teh ngabeberan rarayna, nyamar, leos angkat tuluy ngadeg sisi jalan, megat raja Israil.

³⁹ Barang raja ngalangkung seug digeroan, "Gusti Sang Raja! Waktos abdi gusti ngayonan musuh, aya jalmi nyerenkeun serdadu musuh saurang bari sanggemna, Jaga ieu jelema. Lamun nepi ka kabur, nyawa andika gantina, atawa andika didengda tilu rebu gebleg uang perak.

⁴⁰ Nanging tawanan teh kabur waktos abdi nguruskeun itu ieu." Waler raja, "Nya kitu hukuman anu kudu ditarima ku maneh, maneh sorangan anu menta!"

⁴¹ Harita keneh nabi teh ngadudut beber rarayna. Raja teu panglingeun, geuning nabi eta teh!

⁴² Saur nabi saterusna ka Ahab, "Kieu timbalan PANGERAN, Ku sabab maneh geus ngaleupaskeun jelema anu ceuk Kami kudu dipaehan, nyawa maneh pigantieunana. Balad maneh oge bakal tumpur, gaganti balad itu anu diantep kalabur!"

⁴³ Raja Ahab kebat mulih ka Samaria, manahna juwet prihatin.

21 ¹ Deukeut karaton Raja Ahab di Yisrel aya hiji lahan anggur, bogana hiji jelema ngaran Nabot.

²Dina hiji poe Ahab ngalahir ka Nabot, "Lahan anggur maneh mending ka kamikeun, kabeneran deukeut ka karaton kami. Ku kami rek digantian ku kebon anggur anu leuwih alus, anu ieu rek dipelakan sayuran. Atawa lamun mending dibeuli, ku kami dibeuli sapantesna."

³Wangsul Nabot, "Ieu kebon anggur gagaduhan teh pusaka ti karuhun. Paliyas kasanggakeun, PANGERAN henteu ngidinan."

⁴Ahab mulih ka karaton semu jengkel, ngunek-ngunek ku jawaban Nabot. Dug bae ebog dina pajuaran mayun kana tembok, henteu kersa tuang-tuang acan.

⁵Jol Isebel geureuhana tuluy mariksa, "Ku naon Engkang, semu ngangluh? Ku naon teu kersa tuang?"

⁶Waler Ahab, "Jengkel ku Nabot, bet kitu omonganana. Lahan anggurna ku Engkang dipenta rek dibeuli, atawa digantian ku lahan sejen, tapi carekna ulah!"

⁷Ari saur Isebel, "Har, Engkang teh raja atanapi sanes? Enggal geura gugah, janglarkeun manah, geura tuang. Kebon anggur si Nabot mah gampil, engke ku abdi disanggakeun."

⁸Ti dinya Isebel ngadamelan surat, dicap ku tanda cap Ahab, dielak ku cap karajaan, dikintunkeun ka para gegeden jeung para priyayi.

⁹Eusina, "Umumkeun kudu puasa.

Kumpulkeun jalma-jalma. Nabot pentingkeun tempatna, hormat-hormat.

¹⁰Ayakeun dua jalma bangkawarah hareupeunana, sina nuding ka si Nabot yen geus ngagogoreng ka Allah jeung ka raja. Gusur si Nabot ka luareun kota, benturan ku batu sina paeh."

¹¹Parentah Isebel dilakonan ku para pamingpin jeung jelema-jelema penting di Yisrel.

¹²Puasa geus diumumkeun, jalma-jalma geus dikumpulkeun, Nabot dihormat-hormat diukna.

¹³Sabot kitu, ngong dua jalma bangkawarah teh nuduh ka Nabot, dituding ngagogoreng ka Allah jeung ka raja. Nabot terus digusur ka luar kota, tuluy dibenturan ku batu, maot.

¹⁴Isebel diunjukanan, "Nabot parantos dipaehan."

¹⁵Gancang Isebel unjukan ka Ahab, "Nabot parantos teu aya. Lahan anggurna anu diulah-ulah teh ayeuna mah kantun nyandak."

¹⁶Ahab buru-buru angkat rek ningalian eta lahan anggur, rek terus diangken.

¹⁷PANGERAN nimbalan ka Elias, nabi ti Tisbe,

¹⁸"Maneh kudu ka Samaria, ka Raja Ahab. Ku maneh bakal kasampak di lahan anggur Nabot. Eta lahan ku manehna rek dipiboga.

¹⁹Tepikeun ieu timbalan Kami ka manehna, Enggeus maehan jelemana, ayeuna deui rek ngarampas pangabogana! Kieu deui kituh timbalan Kami ka manehna, Ku sabab eta, getih maneh bakal diletakan ku anjing di tempat anjing-anjing ngaletakan getih Nabot."

²⁰Bareng Ahab ningali ka Elias, pok teh ngalahir, "Bagea musuh! Bet papanggih deui jeung kami?" Waler Elias, "Enya, ngahaja, lantaran Sang Raja geus kapincut ku kajahatan, nyieun kalakuan anu kacida gorengna dina paningal PANGERAN.

²¹Ku sabab kitu, kieu timbalan PANGERAN, Maneh ku Kami rek digebruskeun kana bahla, rek dieuweuhkeun. Sakabeh ahli maneh anu lalaki kolot budak ku Kami rek dibeakkeun.

²²Sanak baraya maneh rek disaruakeun jeung sanak baraya Raja Yarobam bin Nebat sarta jeung sanak baraya Raja Baasa bin Ahia, sabab maneh geus nyundut bebendu Kami, nyered rahayat kana marigawe dosa.

²³Jeung timbalan PANGERAN, bangke Isebel bakal dihakan ku anjing di Yisrel.

²⁴Tiap-tiap sanak baraya maneh, paeh di kota bakal dihakan anjing, paeh di tegal bakal beak ku manuk gagak."

²⁵(Wantu-wantu taya deui anu nyucudna saperti Ahab, nepi ka kagembang ku kajahatan, midamel gorengna ka PANGERAN

taya papadana, dumeh kaangsonan ku Isebel garwana.

²⁶Dosa anjeunna kacida ngerakeunana, ngabakti ka arca-arca cara adat urang Emor baheula, anu ku PANGERAN geus ditundung ti eta tanah basa urang Israil rek arasup ka dinya.)

²⁷Anggeus Elias ngalahir, Ahab nyosoeh anggoanana bari tuluy dicuculan diganti ku karung. Teu kersa tuang, kulemna ge disasarap ku karung, alum liwung pinuh kaduhung.

²⁸PANGERAN nimbalan ka Elias,

²⁹"Nyaho maneh, Ahab geus kacida ngarendahkeun dirina di payuneun Kami? Ku sabab manehna geus nembongkeun kaduhungna, bahla teh ku Kami moal didatangkeun dina jaman manehna, engke bae dina jaman anakna kakara eta bahla teh ku Kami rek didatangkeun ka sakabeh kulawarga Ahab."

22¹Geus dua taun leuwih urang Israil jeung urang Siria henteu silih perangan.

²Dina katilu taunna, hiji waktu Yosapat raja Yuda natamu ka raja Israil.

³Raja Ahab ngalahir ka para perwirana, "Urang teh kajongjonan. Na moal ngarebut deui Ramot di wewengkon Gilad ti Raja Siria? Wewengkon urang eta teh!"

⁴ Geus kitu saurna ka Raja Yosapat, "Kumaha anjeun kersa nyarengan kaula ngarebut Ramot?" Waler Yosapat, "Ari leres mah bade ka ditu mangga, kaula seja ngiring sareng balad sareng pasukan serdadu kuda.

⁵ Nanging saena mah naroskeun heula timbalan PANGERAN."

⁶ Raja Ahab ngumpulkeun nabi-nabina, aya opat ratus urangna. Anjeunna mariksa, "Kumaha, meunang kami nempuh ka Ramot?" Nabi-nabina bareng ngajjarawab, "Tempuh! Ku PANGERAN bakal dipaparinkeun!"

⁷ Tapi saur Raja Yosapat, "Kumaha teu aya deui nabi anu sanesna, anu tiasa disuhunkeun pituduhna ti PANGERAN?"

⁸ Waler Ahab, "Aya saurang deui, Mika bin Yimla. Tapi kaula ijid, lantaran ngawejangna teh tara mere pibagjaeun kaula, ngan mere anu picilakaeun bae!" Saur Raja Yosapat, "Teu sae ngalahir kitu."

⁹ Ahab nyaur hiji ponggawa sina buru-buru ngangkir Mika.

¹⁰ Raja duanana ngaranggo anggoan karajaan, lalinggih dina korsina masing-masing deukeut hiji panggilingan luareun pisan lawang Samaria. Ari nabi-nabi ngawarejangna di payuneun aranjeunna.

¹¹ Nabi anu ngaran Sidkia bin Kenaana nyieun tatandukan tina beusi, tuluy miatur ka Ahab, "Kieu timbalan PANGERAN, Ku ieu,

raja bakal neunggar urang Siria, urang Siria bakal beak."

¹² Nabi-nabi sejahtera oge kitu ngaromongna, cenah, "Ramot tempuh, Sang Raja bakal unggul ku PANGERAN!"

¹³ Ponggawa anu dititah ngangkir Nabi Mika tea mihatur ka anjeunna, "Nabi-nabi anu sanes ngawarejangna raja tangtos unggul. Bapa oge saena mah kitu."

¹⁴ Waler Mika, "Demi PANGERAN anu jumeneng, Bapa mah ngan arek ngedalkeun anu diandikakeun ku PANGERAN."

¹⁵ Sanggeus Mika aya di payuneun raja, raja mariksa, "Mika! Meunang kami jeung Raja Yosapat nempuh ka Ramot?" Waler Mika, "Mangga tempuh! Sang Raja tangtos unggul ku PANGERAN!"

¹⁶ Tapi saur Ahab, "Lamun enya maneh ngomong teh ku pajenengan PANGERAN, bejakeun sabalakana bae kumaha timbalana-Na. Lain geus sering pisan kami ngomong kitu teh?"

¹⁷ Mika miunjuk, "Katingal ku jisim abdi balad Israil paburisat tingbalecir di pasir-pasir, lir domba teu aya nu ngangon. Ari timbalan PANGERAN, Eta jelema-jelema teh geus euweuh pamingpinna. Sina baralik, sina saralamet."

¹⁸ Saur Ahab ka Yosapat, "Tuh, sanggem kaula ge tadi, nabi ieu mah

tara ngawejangkeun pibagjaeun kaula, ngan
anu picilakaeun bae!"

¹⁹ Mika sasauran deui, "Darangukeun
pangandika PANGERAN! Katingal ku kaula
PANGERAN keur linggih dina singgasana di
sawarga, dibanding ku para malaikat-Na.

²⁰ PANGERAN ngandika, Saha anu bisa
ngawujuk Ahab sina indit ngarurug sangkan
tiwas di Ramot? Para malaikat ngawangsulna
henteu sami, sanggem itu kitu sanggem ieu
kieu.

²¹ Aya hiji roh marek ka payuneun
PANGERAN sarta miatur kieu, Sim abdi
tiasa.

²² PANGERAN mariksa, Kumaha jalanna?
Ari piunjukna, Nabi-nabina bade diwujuk
supados ngabarahong ka rajana. Ari timbalan
PANGERAN, Jung geura wujuk, ku maneh
tangtu beunang."

²³ Mika neruskeun piunjukna, "Buktos kieu
kajadianana, ieu nabi-nabi ku PANGERAN
dihaja sina ngabarahongan Gamparan.
Gamparan parantos dipastikeun ku
PANGERAN kedah tinemu sareng bahla!"

²⁴ Nabi Sidkia nyirintil ka Mika terus
nampiling, sarta pokna, "Ti iraha PANGERAN
ngalih ti kami terus nimbalan make biwir
maneh?"

²⁵ Waler Mika, "Engke ge maneh nyaho
sorangan lamun geus salungkar-salingker
nyumput asup kamar kaluar kamar!"

²⁶Raja nimbalan hiji pongawa, saurna, "Tangkep Mika! Bawa ka ditu ka Amon gegeden kota, jeung ka Yoas putra raja.

²⁷Sina dijebloskeun ieu jelema teh ka jero panjara, nyatu nginumna sungkeret nepi ka engke lamun kami geus mulang reujeung salamet!"

²⁸Saur Mika, "Anu disanggemkeun ku jisim abdi bieu, sanes ge timbalan PANGERAN upami Sang Raja iasa mulih tur salamet!" Saurna deui, "Tengetkeun ieu ucapan kaula ku sarerea!"

²⁹Ahab raja Israil tulus nempuhna ka Ramot wewengkon Gilad, disareangan ku Yosapat raja Yuda.

³⁰Ahab misaur ka Yosapat, "Kaula mah perang teh rek nyamar. Sampean mah kudu nganggo anggoan karajaan." Seug raja Israil nyamar, tuluy angkat.

³¹Raja Siria geus marentahkeun ka kapala-kapala pasukan kareta tilu puluh dua urang, saurna anu kudu ditarajang teh ngan raja Israil bae surang, nu sejen mah ulah ditarajang.

³²Anu matak barang maranehna narenjo ka Raja Yosapat, sarta panyangkana anjeunna teh raja Israil, kareta-karetana dipengkolkeun arek dipake ngepung. Tapi barang Raja Yosapat ngagero,

³³kanyahoan yen lain raja Israil. Nu ngepung alundur deui, narajangna teu tulus.

³⁴ Aya hiji serdadu mesatkeun jamparing sahinasna bae. Tapi kabeneran keuna ka Raja Ahab, kana sela-sela baju kerena. Anjeunna ngagero, marentah ka kusir kareta, "Kami tatu! Balikkeun kareta, bawa kaluar ti enggon tarung!"

³⁵ Ku sabab perang keur ragot, Raja Ahab tetep aya dina karetana, nyarande, mayunan urang Siria, getih tina raheutna geus ngalukrah dina bak kareta. Barang geus burit anjeunna pupus.

³⁶ Sanggeus panonpoe meh surup, kadenge aya sora parentah ka balad Israil, "Geura baralik ka sanagara-sanagarana, satanahna-satanahna!"

³⁷ Kitu jalan pupusna Ahab. Layonna dibawa ka Samaria tuluy dimakamkeun.

³⁸ Sabot karetana dikumbah di sisi empang di Samaria, getih anjeunna diletakan ku anjing, sarta awewe-awewe palacuran mararandi di eta empang. Tinekanan sakumaha pangandika PANGERAN.

³⁹ Carita Raja Ahab, lalakonna, karaton gadingna, nagara-nagara anu diadegkeunana, kaungel dina kitab Babad Raja-raja Israil.

⁴⁰ Sanggeus anjeunna pupus, Ahasia putrana ngagentos jadi raja.

⁴¹ Yosapat putra Raja Asa, mimiti jadi raja nagara Yuda teh dina kaopat taunna Raja Ahab nyangking nagara Israil,

⁴²dina yuswa tilu puluh lima taun. Calikna di Yerusalem, ngarajaanana dua puluh lima taun. Jenengan ibuna Asuba binti Silhi.

⁴³Anjeunna oge midamel anu leres di payuneun PANGERAN sakumaha ramana. Ngan henteu ngabasmi tempat-tempat ibadah ka brahala; jalma-jalma masih keneh ngalurban jeung ngarukus di tempat-tempat kitu.

⁴⁴Yosapat jeung raja Israil tara silih perangan.

⁴⁵Carita Yosapat, lalakonna, kagagahanana dina perang, kaungel dina kitab Babad Raja-raja Yuda.

⁴⁶Jalma-jalma anu jararinah, anu ngabarakti ku altar-alter brahala sesa jaman ramana, awewe lalaki ku anjeunna dileungitkeun ti karajaanana.

⁴⁷Harita tanah Edom teu aya rajana. Anu marentah di dinya nya eta hiji wakil anu diangkat ku raja Yuda.

⁴⁸Raja Yosapat ngadamel kapal-kapal layar iangkeuneun ka Opir nyiar emas, tapi teu kungsi balayar, sabab kapal-kapalna kaburu barejad di Esion Geber.

⁴⁹Anjeunna ku Ahasia raja Israil ditawaran palaut Israil, supaya ngabantuan ka para palaut urang Yuda, tapi ku anjeunna ditolak.

⁵⁰Sanggeus Yosapat pupus sarta dimakamkeun di makam karajaan di Kota Daud, Yehoram putrana ngagentos jadi raja.

⁵¹ Ahasia putra Ahab mimiti jadi raja Israil teh dina taun katujuh belas Yosapat ngarajaan nagara Yuda. Calikna di Samaria, ngarajaanana dua taun.

⁵² Anjeunna oge midamel dosa ka PANGERAN, nurutan kajahatan Ahab ramana, nurutan kajahatan ibuna, Isebel, jeung nurutan kajahatan Raja Yarobam anu nyered urang Israil marigawe dosa.

⁵³ Raja Ahasia nyembah ngabakti ka Baal, nyundut bebendu PANGERAN Allah Israil kawas ramana.

2 Raja-raja

1 ¹Sanggeus Ahab raja Israil pupus, urang Moab barontak ka Israil.

²Hiji mangsa Ahasia raja Israil ragrag tina loteng karaton di Samaria, seug jadi teu damang. Tuluy miwarang ponggawana ka Ekron, sina menta pituduh ka Beel Sebul dewa urang Pelisti, naha kasawatna bakal damang deui atawa moal.

³Malaikat PANGERAN nimbalan ka Nabi Elias urang Tisbe, miwarang megat utusan Ahasia jeung kudu sasauran kieu, "Ari di Israil naha geus euweuh Allah, nepi ka rek menta pituduh ka Beel Sebul dewa urang Ekron?

⁴Bejakeun ka raja, timbalan PANGERAN, Maneh moal cageur deui, bakal tuluy paeh." Elias tumut kana timbalan.

⁵Gancangna utusan-utusan raja baralik deui. Ku raja dipariksa, "Ku naon geus baralik deui?"

⁶Pihatur para utusan, "Dipiwarang wangsul deui ku hiji jalma, saurna kieu timbalan PANGERAN perkawis salira Kangjeng Raja, Naha di Israil geus euweuh Allah, nepi ka maneh nitah menta pituduh Beel Sebul dewa urang Ekron? Maneh moal cageur deui, bakal tuluy paeh."

⁷Raja mariksa, "Siga kumaha jelemana?"

⁸Piunjukna, "Jalmana nganggo raksukan kulit, nganggo sabuk kulit." "Tangtu Elias," saur raja.

⁹Raja miwarang hiji perwira mawa lima puluh prajurit nangkep Elias. Elias kasampak keur calik di hiji pasir. Eta perwira ngomongna kieu, "Eh utusan Allah! Timbalan raja, maneh kudu turun!"

¹⁰Waler Elias, "Lamun enya kami utusan Allah, sing turun seuneu ti langit, ngalebur ka maneh jeung balad maneh!" Gur bae turun seuneu ti langit, ngalebur ka eta perwira jeung prajurit-prajuritna.

¹¹Raja miwarang perwira sejen jeung prajuritna lima puluh. Eta perwira ngomongna kieu ka Elias, "Eh utusan Allah! Timbalan raja, ayeuna maneh kudu turun!"

¹²Waler Elias, "Lamun enya kami utusan Allah, sing turun seuneu ti langit, ngalebur ka maneh jeung balad maneh!" Gur deui turun seuneu ti Allah, ngalebur ka eta perwira jeung prajurit-prajuritna.

¹³Raja miwarang deui hiji perwira jeung prajuritna lima puluh. Eta perwira nanjak, geus kitu brek sideku di payuneun Elias sarta pihaturna, "Nun piwarangan Allah, mugi Ajengan hawatos ka abdi sadaya. Abdi sadaya sumeja nyanggakeun pati hurip!

¹⁴Dua perwira anu tadi sareng sadaya prajuritna parantos tiwas ku seuneu ti langit. Jisim abdi neda sih piwelas Ajengan."

¹⁵ Malaikat PANGERAN nimbalan ka Elias, "Jig milu ka ditu. Ulah salempang." Bral Elias angkat jeung eta perwira. Gancangna geus aya di payuneun raja,

¹⁶ ngalahir kieu, "Kieu timbalan PANGERAN, Maneh geus nitah menta pituduh ka Beel Sebul dewa urang Ekron, kawas di Israil geus euweuh Allah anu bisa disambat pituduh-Na. Ku sabab kitu maneh moal cageur deui, bakal tuluy paeh!"

¹⁷ Gancangna Ahasia geus pupus, saluyu jeung timbalan PANGERAN anu disaurkeun ku Elias. Ku sabab Ahasia teu kagungan putra lalaki, anu jadi raja ngaganti anjeunna teh saderekna, nya eta Yoram, dina taun kadua Raja Yehoram putra Raja Yosapat nyangking karajaan Yuda.

¹⁸ Carita Raja Ahasia kaungel dina Kitab Babad Raja-raja Israil.

2 ¹ Cunduk kana waktu, PANGERAN kersa ngangkat Elias ka sawarga, jalan angin puyuh. Ti dinya Elias angkat ti Gilgal disarengan ku Elisa.

² Di tengah jalan Elias sasauran ka Elisa, "Maneh mah di dieu bae, Ama ku PANGERAN ditimbalan ka Betel." Pihatur Elisa, "Abdi sumpah demi kasatiaan abdi ka PANGERAN anu jumeneng sareng ka Ama, abdi moal ngantunkeun Ama." Bral arangkat ka Betel.

³ Murid-murid di Betel nyalampeurkeun ka Elisa, nararos, "Kumaha sampean parantos

terang? Juragan sampean dinten ieu bakal dicandak ku PANGERAN." "Kaula ge terang," walon Elisa. "Tapi ulah gareruh."

⁴Elias ngalahir ka Elisa, "Maneh cicing di dieu, Ama ku PANGERAN ditimbalan ka Yeriho." Pihatur Elisa, "Abdi sumpah demi kasatiaan abdi ka PANGERAN anu jumeneng sareng ka Ama, abdi moal ngantunkeun Ama." Bral arangkat ka Yeriho.

⁵Murid-murid di Yeriho nyalampeurkeun ka Elisa, naranya, "Kumaha sampean geus terang? Juragan sampean dinten ieu bakal dicandak ku PANGERAN." "Kaula ge terang," walon Elisa. "Tapi ulah gareruh."

⁶Elias ngalahir ka Elisa, "Maneh cicing di dieu, Ama ku PANGERAN ditimbalan ka Walungan Yordan." Pihatur Elisa, "Abdi sumpah demi kasatiaan abdi ka PANGERAN anu jumeneng sareng ka Ama, abdi moal ngantunkeun Ama." Bral arangkat

⁷ka Walungan Yordan, ditaluturkeun ku murid-murid nabi lima puluh urang. Elias jeung Elisa liren di sisi walungan, murid-murid anu lima puluh urang oge areureun, rada jauh.

⁸Elias muka jubah, digulungkeun tuluy dipeupeuhkeun kana cai. Bray cai nyingray nepi ka dasar, Elias jeung Elisa mareuntas.

⁹Di peuntas ditu Elias ngalahir ka Elisa, "Geura pok, hidep rek menta naon ka Ama, memeh Ama dicandak." Elisa mihatur,

"Nyuhunkeun dipaparin pangawasa Ama,
supados tiasa jadi gegentos Ama."

¹⁰Waler Elias, "Hidep menta anu hese.
Lamun Ama keur dicandak katenjo, pamenta
hidep bisa tinekanan. Lamun teu katenjo,
pamenta hidep moal dikabul."

¹¹Sabot aranjeunna sasauran bari angkat,
dumadakan dipapag ku kareta seuneu anu
ditarik ku kuda seuneu, seug Elias dicandak,
diangkat ku angin puyuh.

¹²Ku Elisa katingalieun, seug Elisa sasambat,
"Ama! Ama! Nabi Israil anu digjaya! Ama
parantos lajeng!" Les Elias teu katembong
deui. Bawaning ku gegetun Elisa nyoeuheun
anggoanana mani beulah dua.

¹³Top Elisa mulung jubah Elias anu ragrag
ti awang-awang, tuluy malik angkat ka sisi
walungan, ngadeg heula sakeudeung.

¹⁴Jubah Elias dipeupeuhkeun kana cai bari
saurna, "Di mana PANGERAN, Allah Elias?"
Cai dipeupeuh deui, bray nyingray ka ditu ka
dieu, seug anjeunna meuntas.

¹⁵Katarenjoeun ku murid-murid nabi
urang Yeriho anu lima puluh urang. Ceuk
maranehna, "Pangawasa Elias turun ka
anjeunna!" Tuluy maranehna marapag ka
Elisa, brek marando.

¹⁶Ti dinya miatur, "Ieu abdi-abdi lima puluh
urang, sami baredas. Dunungan sampean
bade dipilarian, bisi ku Roh PANGERAN

diragragkeun di gunung atanapi di lebak." Waler Elisa, "Keun bae tong ditareangan."

¹⁷ Tapi ku sabab maraksa ku Elisa diidinan. Bral maranehna laleumpang, tingtaranggah tingtarempo nareangan Elias, tapi nepi ka tilu poe teu kapanggih.

¹⁸ Tuluy baralik deui ka Elisa anu keur ngantos di Yeriho. Anjeunna ngalahir, "Ceuk kaula ge entong ditareangan."

¹⁹ Aya sababaraha urang Yeriho ngadareuheus ka Elisa, pihaturna, "Hatur uninga, ieu kota teh saleresna mah sae, mung caina awon sareng watekna matak kaluron."

²⁰ Elisa ngalahir, "Kami pangnyokotkeun uyah kana pinggan anyar." Song disanggakeun.

²¹ Anjeunna angkat ka sirah cai, seug uyah teh diawurkeun kana sirah cai bari saurna, "Timbalan PANGERAN, Ieu cai ku Kami dirobah jadi alus, moal matak paeh atawa kaluron."

²² Pilahir Elisa tinekanan, ti harita eta cai jadi alus.

²³ Ti Yeriho Elisa angkat ka Betel. Di jalan, waktu anjeunna keur nanjak, aya barudak kalaluar ti nagara eta, seug maroyokan ka anjeunna, pokna, "Euy gundul, geuwat nyinkir!"

²⁴ Elisa ngareret, socana merong ka eta barudak anu lobana opat puluh dua urang, seug disapa bari nyambat pajenengan

PANGERAN. Torojol ti leuweung aya nu bijil, dua biruang bikang, seug nyasaak eta barudak.

²⁵ Elisa lajeng angkatna ka Gunung Karmel, ti dinya terus mulih ka Samaria.

3 ¹ Yoram putra Ahab mimiti jadi raja Israil dina taun kadalapan belas Raja Yosapat nyangking nagara Yuda. Calikna di Samaria, ngarajaanana dua belas taun.

² Anjeunna midamel dosa ka PANGERAN, ngan henteu goreng teuing cara ramana jeung Isebel ibuna. Malah pilar brahala beunang ramana ngadamel paranti ngabakti ka Baal ku anjeunna dirubuhkeun.

³ Tapi anjeunna oge kawas Yarobam bin Nebat anu saheulaeunana, nyered urang Israil teu eureun-eureun marigawe dosa.

⁴ Mesa, raja Moab, miara domba loba pisan, saban taun kudu mere upeti ka raja Israil 100.000 anak domba jeung bulu tina 100.000 domba.

⁵ Sanggeus Ahab raja Israil pupus, Mesa baha ka Israil.

⁶ Yoram teu talangke mepek balad tuluy budal ti Samaria.

⁷ Ka Yosapat raja Yuda anjeunna ngintun saur, "Moab ngalawan ka kaula. Kumaha sampean kersa ngabantu merangan?" Waler Raja Yosapat, "Mangga. Kaula rek ngiring jeung balad jeung pasukan kuda.

⁸Bade nganggo jalan mana nempuh ka ditu?" Waler Yoram, "Urang nganggo jalan tanah gurun Edom."

⁹Tilu raja, nya eta Raja Yoram, Raja Yosapat jeung raja nagara Edom geus arangkat. Sanggeus tujuh poe di jalan, beakeun cai, balad jeung sato anu ngakut babawaan geus teu ngarinum.

¹⁰Raja Yoram misaur, "Kieu geuning urang tiluan teh, ku PANGERAN bakal diselehkeun ka raja Moab!"

¹¹Saur Raja Yosapat, "Manawi di dieu aya nabi? Urang suhunkeun pituduhna ti PANGERAN." "Sumuhun aya, Elisa putra Sapat. Anjeunna kapungkur ngingiring ka Elias," pihatur hiji perwira balad Raja Yoram.

¹²Saur Raja Yosapat, "Enya eta mah nabi." Seug eta tilu raja sarumping ka Elisa.

¹³Ari saur Elisa ka raja Israil, "Naha mundut tulung ka kaula, sanes ka nabi-nabina tuang rama sareng tuang ibu?" Waler Yoram, "Sanes kitu, kaula tiluan ku PANGERAN bakal diselehkeun ka raja Moab."

¹⁴Saur Elisa, "Demi PANGERAN anu jumeneng, anu ku kaula disembah, sayaktosna upami teu ngemutkeun ka Raja Yosapat raja Yuda mah kaula teh moal ngareret-reret acan.

¹⁵Ayeuna kaula nyuhunkeun tukang ngacapi." Sabot tukang ngacapi keur ngacapi, pangawasa PANGERAN tumerap ka Elisa,

¹⁶seug anjeunna ngalahir, "Kieu timbalan PANGERAN, ieu walungan garing kudu dikali, jieunan solokan masing rea.

¹⁷Teu kudu ngadago hujan jeung angin, ieu walungan tanwande pinuh ku cai, nepi ka maraneh, kitu deui sasatoan jeung sato anu ngakut babawaan bisa ngarinum."

¹⁸Elisa sasauran deui, "Ieu pikeun PANGERAN mah henteu hese. Malah Mantenna bakal maparin kaunggulan, urang Moab bakal diselehkeun.

¹⁹Rubuh-rubuhkeun kabeh kotana anu rareugreug tur aralus teh, tangkal bubuahanana tuaran, sumur-sumurna urugan, lahan-lahanna bugbrugan ku batu!"

²⁰Poe isukna wanci kurban isuk, leb cai datang ti lebah tanah Edom, nepi ka ngeueum wewengkon di lebah dinya.

²¹Urang Moab geus nyarahoeun yen rek ditempuh ku tilu raja. Seug mepek balad, jalma-jalma kolot ngora dikerid, tuluy ngajaraga di tapel wates.

²²Bray isuk tuluy harudang, pecenghul panonpoe bijil cahayana ninggang kana cai. Katenjona ku urang Moab cai teh mani beureum kawas getih.

²³Ceuk urang Moab, "Getih! Musuh urang tangtu enggeus tarung pada batur, silih paehan. Hayu urang tarajang ka pasanggrahanana, urang rayah!"

²⁴ Ana daratang ka pasanggrahan Israil, ku urang Israil dipapag ditarajang nepi ka malundur deui tuluy kalabur. Ku urang Israil diberik diparaehan.

²⁵ Kota-kotana ditumpurkeun. Unggal ngaliwatan lahan anu alus, balad Israil marulung batu, tuluy dibaledog-baledogkeun kana eta lahan, nepi ka eta lahan teh pinuh kaurugan ku batu. Geus kitu sumur-sumurna ku urang Israil diarurugan, tangkal bubuahanana ditaluaran. Tungtungna ngan tinggal ibu kotana, Kir Hareset. Tuluy dikepung ku pasukan tukang bandring, dibandringan.

²⁶ Sangeus ngarasa perangna eleh, raja Moab ngumpulkeun tujuh ratus jelema anu palinter maen pedang, karepna rek ngabedah musuh, rek terus kabur ka raja Siria, tapi teu bisa laju.

²⁷ Ku sabab kitu ceg nyekel ka anakna anu cikal, pirajaeun gaganti dirina, tuluy dipeuncit dikurbankeun ka dewa urang Moab dina luhur kuta. Urang Israil teu karuateun nenjo, tuluy bae mundur ti eta kota terus marulang ka nagarana.

4 ¹Aya hiji awewe, randana salah sahiji nabi, ngadeuheus ka Elisa, tuluy unjukan, "Juragan, abdi teh katilar maot ku salaki. Juragan langkung uninga, pun lanceuk teh jalma anu ibadah ka Allah. Dupi ayeuna, jalma anu ngahutangkeun ka pun lanceuk

dongkap bade ngabuntun pun anak, bade dijadikeun abidna, pamayar hutang pun lanceuk."

²Pilahir Elisa, "Kumaha kahayang maneh? Boga naon bae di imah?" Piunjukna, "Sumuhun teu gaduh naon-naon, mung minyak jetun sagoci alit."

³Pilahir Elisa, "Jig geura nginjeuman wawadahan kosong ka tatangga, tong saeutik-saeutik, sing loba.

⁴Geus kitu maneh asup ka jero imah jeung barudak, tutupkeun panto. Cicikeun minyak teh tina goci leutik kana wawadahan anu karosong. Wadah anu geus pinuh teundeun."

⁵Gancangna eta awewe jeung barudakna geus di jero imah, pantona ditutupkeun. Minyak tina goci leutik tea dicicikeun kana wawadahan beunang anakna nginjeuman.

⁶Sanggeus wawadahanana areusi kabeh, seug menta deui wadah ka anakna. Tembal anakna, "Teu aya deui, ieu anu panungtung." Set minyak tina goci leutik teh eureun.

⁷Ti dinya awewe teh ngadeuheus deui ka Elisa. Saur Elisa, "Eta minyak jual, duitna pake mayar hutang. Duit sesana pikeun bekel hirup maneh jeung barudak."

⁸Dina hiji poe Elisa angkat ka Sunem. Di dinya anjeunna disindangkeun ku hiji wanita beunghar, tuluy dituangkeun. Ti harita saban anjeunna ka Sunem tangtu sindang jeung tuang di eta wanita.

⁹Eta wanita misaur ka carogena, "Tamu anu sering ka urang teh moal lepat jalma suci.

¹⁰Urang pangdamelkeun kakamaran sapuratina, katil, meja, korsi, lampu, paranti anjeunna leleson ari keur ka dieu."

¹¹Dina hiji poe Elisa sumping deui ka Sunem, terus lebet ka eta kamar, leleson.

¹²Anjeunna ngalahir ka Gehasi, rencangna, miwarang mariksakeun ka wanita nu kagungan bumi.

¹³Saurna ka Gehasi, "Taroskeun bisi anjeunna aya kahoyong, tina sakieu getenna ka kami. Bisi sugaran hoyongeun dipangunjukkeun kahoyongna ka raja atawa ka panglima perang." Ari piunjukna, "Teu aya panuhun naon-naon, parantos cekap sapertos nu sanes-sanes."

¹⁴Saur Elisa ka Gehasi, "Kudu kumaha atuh kami nya mulang tarima?" Piunjuk Gehasi, "Juragan istri teh teu kagunganeun putra, dupi carogena parantos sepuh."

¹⁵Saur Elisa, "Sina calik ka dieu." Gancangna geus nemonan, di lawang.

¹⁶Saur Elisa, "Nyai, taun payun tepung wanci kieu Nyai bakal mangkon putra pameget." Wangsulanana, "Nun Ajengan piwarangan Allah, naha yaktos, sanes ngabobodo?"

¹⁷Tapi eta kasauran Elisa teh tinekanan, taun hareupna eta wanita ngalahirkeun, anakna lalaki.

¹⁸ Sanggeus meunang sababaraha taun,
hiji mangsa budak teh ulin ka tegal
nyampeurkeun bapana anu keur maturan nu
dibaruat.

¹⁹ Geus kitu budak teh ujug-ujug ngajerit,
"Apa, sirah Ujang nyeri!" "Buru-buru si encep
bawa ka ibuna!" ceuk bapana ka gandek.

²⁰ Tuluy dipasrahkeun ka indungna. Ku
indungna gasik dilahun teu lesot-lesot. Tapi
sanggeus tengah poe, budak teh maot.

²¹ Ku indungna dibawa ka kamar Elisa,
dikedengkeun dina katilna uluy ditinggalkeun,
pantona ditutupkeun.

²² Salakina dicalukan, pokna, "Gandek sina
ngabuntun kalde ka dieu, abdi bade ka Nabi
Elisa, moal lami."

²³ Ceuk salakina, "Naha ka ditu ayeuna,
Nyai? Da lain poe Sabat jeung lain poe
Pesta Bulan Anyar." "Sawios, doakeun bae,"
tembalna,

²⁴ bari ngararangkenan kalde. Ti dinya
carekna ka gandek, "Geuwat giringkeun
masing gancang, ulah eureun lamun can
dititah!"

²⁵ Geus kitu kebat ngajugjug ka Gunung
Karmel arek ka Elisa. Ti kajauhan keneh ku
Elisa geus katingalieun. Anjeunna ngalahir ka
Gehasi, rencangna, "Tuh istri urang Sunem
tea ka dieu!

²⁶ Geuwat papagkeun, tanyakeun kumaha caroge jeung putrana salamet?" Ceuk eta wanita ka Gehasi berekah, salamet.

²⁷ Tapi sanggeus aya di payuneun Elisa, eta wanita teh ujug-ujug ngarontok kana sampeanana. Ku Gehasi rek dikenyang, tapi saur Elisa, "Keun bae, hatena keur kiamat. Tapi kami ku PANGERAN teu dipaparin terang asalna."

²⁸ "Nun Ajengan," pihaturna, "naha abdi kapungkur teh nyuhunkeun anak ka Ajengan? Sanggem abdi ge kapungkur naha yaktos Ajengan teh sanes ngabobodo?"

²⁹ Elisa ngalieuk ka Gehasi sarta saurna, "Geuwat ka ditu! Bawa ieu iteuk. Di jalan ulah rundag-randeg uluk salam. Anu uluk salam ge ulah ditembalan. Jung buru-buru! Ungkulkeun ieu iteuk ka luhureun eta budak."

³⁰ Piunjuk eta wanita, "Nun Ajengan, demi PANGERAN anu jumeneng, abdi moal waka wangsul upami henteu sareng Ajengan!" Atuh bral bae anjeunna angkat sareng.

³¹ Ari Gehasi geus tuluy ti heula, teteken Elisa geus diungkulkeun luhureun murangkalih tea. Tapi murangkalih teh teu aya sora-sorana, teu aya tanda-tanda yen hirup. Gehasi balik deui rek mapag Elisa. Ti dinya piunjukna, "Murangkalih teh teu nyaring-nyaring."

³² Sumping-sumping Elisa terus ka kamar, nyalira. Enya bae murangkalih teh geus maot, ngagoler dina katil anjeunna.

³³Panto dipeundeutkeun tuluy anjeunna neneda ka PANGERAN.

³⁴Geus kitu nangkubkeun anjeun ka eta murangkalih. Baham, soca jeung pananganana diantelkeun kana sungut, panon jeung leungeun eta murangkalih, seug awak murangkalih teh mimiti aya haneut-haneutna.

³⁵Elisa lungsur heula angkat bulak-balik di jero kamar. Prak deui nangkubkeun anjeun kana awak eta murangkalih. Seug eta murangkalih teh beresin tujuh kali, bray panonna beunta.

³⁶Elisa nyaur Gehasi, miwarang wawartos ka indung eta budak. Saur Elisa ka eta wanita, "Ieu anak Nyai pangku."

³⁷Bruk indung eta budak teh nyium taneuh bari ngarawu sampean Elisa, ti dinya ngarawu anakna tuluy dibawa kaluar ti kamar.

³⁸Elisa geus mulih ka Gilgal. Hiji mangsa di eta tanah aya paceklik. Dina hiji poe sabot ngawulang murid-murid, Elisa miwarang ngahurungkeun seuneu nagenkeun panci gede, miwarang masak naon bae anu aya, keur dahareun murid-murid.

³⁹Aya murid indit ka tegal rek neangan angeuneun, manggih anu siga buah waluh, tuluy diala saloba-lobana, dibawa balik. Bari teu nyahoeun eta teh buah naon tuluy bae dikeureutan, terus dipasak dina pariuk.

⁴⁰ Sanggeus asak seug disiukan dibagikeun ka murid-murid. Tapi kakara ge kaasaan, murid-murid teh tingaraduh ka Elisa, "Aduh Pa, geuning racun!" Atuh henteu didalahar.

⁴¹ Elisa mundut tipung saeutik tuluy dicemplungkeun kana panci sarta saurna, "Pek siukan, dalahar!" Berekah, teu jadi sakara-kara.

⁴² Sejen waktu deui aya jalma ti Baal Salisa, datang ka Elisa mawakeun roti dua puluh siki tina tipung tarigu anu pangheulana diala panen harita jeung sababaraha keupeul gandum anyar. Ku Elisa dipiwarang disuguhkeun ka murid-murid.

⁴³ Tapi ceuk gandek, "Naha cekap katedaan sakieu keur saratus jalmi?" Waler Elisa, "Suguhkeun, sabab timbalan PANGERAN bakal cukup, tur bakal nyesa."

⁴⁴ Ari geus disuguhkeun bet tinekanan sakumaha timbalan PANGERAN, cukup didalahar tur aya sesana.

5 ¹ Naaman panglima perang nagara Siria. Ku raja kacida diasihna jeung dihormatna, sabab ku lantaran Naaman, PANGERAN ngersakeun balad Siria saban perang meunang bae. Naaman memang panglima digjaya, hanjakal kagungan kasawat lepra.

² Hiji mangsa waktu anjeunna nempuh ka Israil, balad Siria balikna mawa hiji budak awewe urang Israil, tuluy sina lalanjang di geureuha Naaman.

³Dina hiji poe eta budak unjukan ka juragan istri Naaman, pokna, "Juragan pameget teh upami nepangan ka nabi di Samaria mah tangtos kasawatna damang."

⁴Sanggeus kadangu ku Naaman, anjeunna marek ka raja ngunjukkeun pihatur eta budak.

⁵Timbalan raja, "Tepungan atuh raja Israil, ku kami dibahanan surat." Naaman jengkar bari cacandakan, uang perak tilu puluh rebu, uang emas genep rebu, jeung panganggo sapuluh pangadeg.

⁶Surat ti raja Siria eusina kieu, "Satampina ieu surat kaula hatur uninga, mugi ieu panglima kaula, Naaman, dipangnyageurkeun kasakitna."

⁷Satamatna maos surat, raja Israil nyosoeh anggoanana sarta saurna, "Naha raja Siria nitah kami nyageurkeun ieu jelema? Na kami teh Allah, kawasa ngahirupkeun jeung maehkeun? Ieu mah nyieun jalan sangkan bentrok jeung kami!"

⁸Kadangu wartana ka Nabi Elisa, seug anjeunna ngintun saur, "Ku naon sang raja rentag manah? Kintunkeun jalmina ka kaula sina terangeun di Israil aya nabi!"

⁹Naaman angkat kana kareta kudana, reg liren payuneun buruan bumi Nabi Elisa.

¹⁰Elisa miwarangan gandek mopoyanan ka Naaman yen kudu siram di Walungan Yordan tujuh kali, tangtu kasawatna bakal damang.

¹¹ Naaman jadi bendu, saurna, "Hih, panyana teh manehna rek nepungan, seug sasambat ka PANGERAN, Allahna bari ngusap kasakit kami sangkan cageur!"

¹² Jeung deui, naha ari walungan di Damsik, Abana jeung Parpar lain leuwih alus ti batan nu aya di Israil? Mending mandi di walungan urang, moal teu cageur!"

¹³ Ponggawa-pongawana arunjukan, "Juragan, upami eta nabi miwarang anu sesah tangtos ku Juragan dilakonan, sanes? Dupi ieu mung miwarang siram lajeng damang!"

¹⁴ Naaman tumut, tuluy ancrub ka Walungan Yordan, teuleum tujuh kali sakumaha pituduh Elisa. Les kasawatna leungit, kulitna pulih deui kawas kulit budak leutik.

¹⁵ Geus kitu anjeunna jeung pangiringna ngadeuheus ka Elisa tuluy misaur, "Sim kuring parantos yakin, di satungkebing langit teu aya deui Allah kajabi ti di Israil. Ku margi kitu mugi Ajengan kersa nampi ieu pangbakti ti sim kuring."

¹⁶ Waler Elisa, "Demi PANGERAN anu jumeneng, anu disembah ku kaula, hapunten kaula teu tiasa nampi kana pangasih." Naaman ngeukeuhan, tapi Elisa oge keukeuh teu kersaeun.

¹⁷ Ku sabab kitu saur Naaman, "Ari henteu kersa mah mugi sim kuring diwidian ngabantun taneuh ti dieu, sakabantunna ku dua bigal. Karanten ti wangkid ieu ka payun,

sim kuring mung seja ngabakti ka PANGERAN, moal ngurban deui ka dewa-dewa sanes, boh kurban peuncitan atanapi kurban beuleuman.

¹⁸ Nu dipalar mugia PANGERAN kersaeun ngahapunten ka sim kuring, saupami engke sim kuring ngarencangan raja lebet ka kelenteng Dewa Rimon, dewa urang Siria, sujud ngabakti ka eta dewa. Mugi-mugi PANGERAN ngahapunten ka sim kuring dina ieu saperkawis."

¹⁹ Waler Elisa, "Mangga, mugia wilujeng." Bral Naaman jengkar. Can kungsi sabaraha jauhna,

²⁰ Gehasi rencang Elisa ngomong sorangan, "Hih Juragan bet teu kersa nampi naon-naon ti Naaman! Demi PANGERAN! Aing rek nyusul, rek barang penta!"

²¹ Sanggeus kitu Gehasi nyusul ka Naaman. Ana katingali ku Naaman aya anu nyusul, jut lungsur tina kareta, mapag ka Gehasi tuluy mariksa, "Aya naon?"

²² "Sumuhun teu aya naon-naon," jawab Gehasi. "Bieu juragan abdi kadongkapan dua murid nabi ti pagunungan Epraim. Abdi dipiwarang ka Juragan nyuhunkeun tilu rebu uang perak sareng anggoan anu sae dua pangadeg, pasihkeuneun ka eta dua murid."

²³ "Mangga atuh ieu tarima genep rebu uang perak," saur Naaman ngeukeuhan bari ngasup-ngasupkeun uang perak kana dua rajut jeung pakeanana dua pangadeg,

tuluy dipiwarang dipanggul ku dua gandek
anjeunna, sina indit heulaeun Gehasi.

²⁴Sanggeus nepi ka pasir tempat tinggal
Elisa, rajutna ku Gehasi dicokot, dibawa asup
ka bumi, nu mawana disina balik.

²⁵Ti dinya Gehasi marek ka Elisa. Ku Elisa
dipariksa, "Maneh tas ti mana?" Jawab
Gehasi, "Sumuhun henteu ti mana-mana."

²⁶Saur Elisa, "Marukan lelembutan kami
teu nyaksian waktu eta jelema turun tina
karetana mapag ka maneh? Ayeuna lain
usumna narima naon-naon, boh duit boh
pakean, boh kebon jetun boh kebon anggur,
boh embe atawa sapi atawa jelema keur
pibadegaeun!"

²⁷Ku sabab kitu panyakit Naaman baris
terap ka maneh jeung ka turunan maneh
sapapanjangna!" Barang Gehasi kaluar,
awakna geus katerap ku panyakit lepra,
kulitna geus ngeplak saperti salju.

6 ¹Dina hiji poe murid-murid anu dididik ku
Elisa arunjukan, "Pamondokan abdi-abdi
teh alit teuing.

²Manawi karujukan abdi bade nuaran kai
caket Walungan Yordan, bade ngadamel
pamondokan anyar." "Heug bae," waler Elisa.

³Salah saurang ti maranehna ngeukeuhan
ka Elisa supaya anjeunna milu angkat. Elisa
rujuk,

⁴seug bareng angkat. Sadatangna ka sisi
Walungan Yordan prak naluaran tangkal.

⁵ Anu saurang, keur jongjon nuar hiji tangkal, hulu kampakna coplok terus nyemplung kana cai. Seug ngalengis ka Elisa, pokna, "Juragan, kumaha ieu abdi? Eta kampak teh kenging nambut!"

⁶ "Ka mana ragragna?" saur Elisa. Sanggeus dituduhkeun, Elisa nilas regang, tuluy dicemplungkeun kana cai. Pecenghul kampak teh ngambul.

⁷ "Tuh cokot," saurna. Tuluy dicokot.

⁸ Hiji mangsa raja Siria merangan ka Israil. Sanggeus mundut pirempug para perwirana, anjeunna milih hiji tempat tuluy masanggrahan.

⁹ Tapi Elisa ngintun saur ka raja Israil, ngawartosan ulah deukeut-deukeut ka dinya lantaran aya balad Siria keur ngintip.

¹⁰ Raja Israil marentah supaya urang wewengkon eta caringcing. Kitu bae sababaraha kali.

¹¹ Lila-lila raja Siria jadi kacida jengkeleunana, tuluy mariksa ka para perwira, "Cik saha anu sapongkol jeung raja Israil?"

¹² Piunjuk nu saurang, "Teu aya, Gusti! Mung sagala rupi anu disaurkeun ku Gusti, salah di lebet kamar Gusti ku anjeun, kauninga bae ku Nabi Elisa, lajeng diunjukkeun ka raja Israil."

¹³ Timbalan raja, "Teangan di mana imahna, ku kami rek ditangkep!" Sanggeus diuningaan yen Elisa aya di Dotan,

¹⁴raja Siria nginditkeun pasukan gede tur lengkep katut pasukan kuda jeung kareta. Daratangna ka nu dijugjug geus peuting, tuluy eta tempat dikepung.

¹⁵Bray isuk gandek Elisa hudang tuluy kaluar, ret nenjo aya balad Siria keur ngepung, lengkep katut pasukan kuda jeung kareta. Tuluy hariweusweus ka Elisa, "Aduh Juragan, kumaha?"

¹⁶Saur Elisa, "Tong sieun! Anu nyarengan ka urang leuwih loba batan eta."

¹⁷Tuluy anjeunna neneda, "Nun PANGERAN, ieu rencang beuntakeun panonna sina awas." Paneda anjeunna dimakbul ku PANGERAN. Barang eta gandek ngareret deui, geuning di lamping-lamping pasir sakuriling Elisa teh geus pinuh ku kuda seuneu jeung kareta seuneu.

¹⁸Balad Siria geus maju narajang. Elisa sasambat, "Nun PANGERAN, musuh teh lolongkeun!" Paneda anjeunna ku PANGERAN dimakbul, musuh jadi lalolong.

¹⁹Elisa nyampeurkeun sarta saurna, "Aranjeun kasalahan, tempatna lain di dieu. Hiap tuturkeun, urang ka jelema anu keur ditareangan." Ku anjeunna tuluy dicandak ka Samaria.

²⁰Sanggeus araya di jero kota, Elisa neneda, "Nun PANGERAN, ieu jalmi-jalmi sina bareunta!" Panedana ku PANGERAN

dimakbul. Ana bray bareunta, horeng di jero kota Samaria!

²¹ Barang balad Siria katingali ku raja Israil, anjeunna naroskeun ka Elisa, "Kumaha Ama, urang perenkeun bae? Urang basmi?"

²² "Ulah!" waler Elisa. "Musuh anu katangkep keur perang teu kenging aya anu dipaehan. Anggur suguhan sina dalahar sina ngarinum, teras sina warangsul ka rajana."

²³ Seug eta balad Siria teh ku raja Israil disuguhan dahar nginum. Sanggeus sareubeuheun tuluy dititah baralik ka raja Siria. Ti dinya urang Siria eureun meranganana ka urang Israil.

²⁴ Hiji mangsa Raja Benhadad ti nagara Siria nyandak balad terus ngepung Samaria.

²⁵ Nagara Samaria jadi tigerat ku dahareun. Ku tigerat-tigeratna, sirah kalde ge nepi ka laku dalapan puluh uang perak, tai japati dua ratus gram laku lima uang perak.

²⁶ Dina hiji poe waktu raja Israil roronda dina luhur kuta, aya hiji awewe sasambat ka anjeunna, pokna, "Gusti Sang Raja! Tulungan abdi!"

²⁷ Raja ngawaler, "Lamun PANGERAN geus teu kersaeun nulung, kami rek bisa kumaha? Marukankeun kami boga keneh anggur atawa gandum?"

²⁸ Aya sual naon?" Wangsulna, "Nun, ieu awewe kamari ieu ngajak ngahakan pun

anak, sanggemna enjingna giliran anakna
anu kedah diteda.

²⁹ Nya lajeng pun anak ku abdi dikulub,
diteda sareng manehna. Ari dongkap kana
giliran anakna bet diulahkeun, anakna
disumputkeun!"

³⁰ Ngadangu kajadian anu sakitu matak
ngerikna, raja nyosoeh anggoanana. Horeng
di jeroeun raksukanana teh raja geuning
nganggo raksukan karung, sidik katarenjo ku
jelema-jelema anu dareukeut kana kuta.

³¹ Raja tuluy ngalahir, "Kami masing kasiku
ku Allah upama memeh panonpoe surup
tacan neukteuk beuheung Elisa!"

³² Geus kitu anjeunna nimbalan sangkan
Elisa ditangkep. Ari Elisa keur aya di bumi,
keur cacarios jeung sepuh-sepuh anu
sarumping natamu. Samemeh utusan raja
nepi, anjeunna sasauran ka sepuh-sepuh,
"Aya utusan si tukang maehan ka dieu, bade
nilas sirah kaula! Upami parantos dongkap,
panto kedah ditulakan, ulah dipaparin asup.
Moal lepat raja nuturkeun pandeuri."

³³ Tacan tamat sasauranana, raja geus
sumping manten, tuluy ngalahir, "Ieu
kacilakaan teh ti PANGERAN! Jadi naon
gawena kami ngarep-ngarep pitulung-Na?"

7 ¹ Elisa ngawaler, "Kieu pangandika
PANGERAN, dangukeun! Enjing wayah
kieu, di Samaria, tilu kilo tarigu anu

pangsaena atanapi gandum genep kilo,
pangaosna mung saperak."

²Pangaping raja nyental, "Ambu-ambu!
Kacida pamohalanana eta mah najan
PANGERAN ku anjeun ujug-ujug nurunkeun
hujan oge!" Saur Elisa, "Ku maneh bakal
kasaksian isukan, tapi maneh mah moal
kungsi ngasaan-ngasaan acan."

³Di luareun lawang nagara aya opat jelema
lepra baradami pada batur, "Rek caricing di
dieu bae urang teh ngadago paeh?

⁴Asup ka nagara taya gunana ngan ngadon
paeh kalaparan. Cicing di dieu kitu keneh
tereh paeh. Mending urang ka pasanggrahan
balad Siria, paeh-paeh, hirup-hirup!"

⁵Sanggeus poek maranehna arindit ka
pasanggrahan balad Siria. Ari datang sihoreng
geus suwung.

⁶Tadi beurang eta balad Siria teh ku
PANGERAN didatangan kasieun ku sora anu
ngaguruh sada gumuruhna balad gede, sada
gurudugna kuda jeung kareta, disangkana
balad urang Het jeung balad Mesir datang
dipentaan tulung ku raja Israil.

⁷Atuh ribut, sarta wanci sareupna balad Siria
geus kalabur. Pasanggrahanana, kudana,
kaldena, teu ditolih ditaringgalkeun kitu bae.

⁸Nepi ka tungtung eta pasanggrahan, anu
opatan teh arasup ka hiji kemah, barang
hakan jeung ngarinum sakarep-karep naon
nu aya. Ti dinya nyarokotan emas, perak kitu

deui papakean, disarumputkeun. Bus deui ka kemah sejen, retop deui cara tadi.

⁹ Geus kitu ceuk nu saurang, "Goreng ieu kalakuan teh! Milik sakieu gedena teu dibejakeun ka batur! Mun nepi ka isuk urang can bebeja, kaburu ditangkep manten. Ayeuna keneh urang bejakeun ka karaton!"

¹⁰ Bring arindit ka Samaria tuluy cumeluk ka nu kemit di lawang, pokna, "Kuring tas ti pasanggrahan balad Siria. Geus kosong taya manusana, tinggal kalde jeung kuda dicarangcang, kemah-kemah geus ditaringgalkeun."

¹¹ Ku nu jaga diumumkeun jeung diuningakeun ka karaton.

¹² Raja tanghi, ngorejat ti pajuaran, tuluy nimbalan ka para ponggawa, "Ieu akal urang Siria! Nyarahoeun urang geus langlayeuseun. Pasanggrahanana dihaja ditinggalkeun, ngintip ti tegal. Maksudna mun urang kaluar ngaranjah rek ditangkepan, seug nagara urang dijabel."

¹³ Aya ponggawa anu mihatur, "Kumaha-kumaha oge jalmi-jalmi di jero kota parantos kalintang cilakana, kenging disebatkeun parantos maraot. Ku margi kitu langkung sae ngintunkeun sawatara jalmi sareng kuda lima ti anu aya keneh, sina nyidikkeun kumaha nu sayaktosna balad Siria teh."

¹⁴ Geus kitu maranehna milih sawatara jelema, ku raja dititah tarumpak kana dua

kareta perang, sina maluruh anu geus kajadian di balad Siria.

¹⁵ Bral anu diutus arindit, nepi ka Walungan Yordan. Sapanjang jalan nu katenjo teh papakean tingtalambru, pakakas pabalatak, urut balad Siria miceunan waktu keur kalabur. Utusan baralik deui lapor ka raja.

¹⁶ Urang Samaria budal ngaranjah ka pasanggrahan urang Siria. Harita tinekanan timbalan PANGERAN, tilu kilo gandum anu panghadena atawa gandum sejaenna genep kilo hargana saperak.

¹⁷ Ari pangaping raja tea ku raja Israil ditimbalan ngapalaan jaga lawang, seug paeh kaleyek, bukti sakumaha lahiran Elisa kamari waktu raja ngajorag ka anjeunna.

¹⁸ Kamari waktu Elisa nyaurkeun ka raja yen isukan tilu kilo gandum nu pangalusna atawa gandum sejaenna genep kilo hargana saperak.

¹⁹ eta pangaping raja teh nyental, "Ambu-ambu! Kacida pamohalanana eta mah najan PANGERAN ku anjeun ujug-ujug nurunkeun hujan oge!" Ari saur Elisa kamari, "Ku maneh bakal kasaksian sorangan isukan, tapi maneh mah moal kungsi ngasaan-ngasaan acan."

²⁰ Poe eta bukti, eta jelema tiwas di lawang nagara kaleyek ku jelema loba.

8 ¹ Hiji mangsa Elisa ngawartosan ka wanita urang Sunem anu anakna dihirupkeun deui tea ku anjeunna. Eta wanita jeung kulawargana dipiwarang ngumbara heula ka

mana bae, sabab tanah eta ku PANGERAN bakal didatangan paceklik tujuh taun.

²Eta wanita nurut, tuluy ngumbara jeung kulawargana di tanah Pelisti, meunang tujuh taun.

³Sanggeus tujuh taun mulang deui ka tanah Israil, tuluy ngadeuheus ka raja, nyuhunkeun supaya imah jeung lahanna ku raja dipaparinkeun deui.

⁴Poe eta raja keur ngadangukeun Gehasi nyaritakeun mujijat-mujijat anu dipidamel ku Elisa.

⁵Sabot Gehasi nyaritakeun petana Elisa ngahirupkeun deui budak anu geus maot tea, wanita teh marek ka raja, ngunjukkeun panuhunna. Ceuk Gehasi, "Gusti Sang Raja, kaleresan, tah ieu wanita anu disanggemkeun teh, sareng ieu putrana, anu dihirupkeun deui ku Juragan Elisa."

⁶Waktu ku raja dipariksa, jawaban eta wanita teh ngaenyakeun kana caritaanana. Geus kitu raja nimbalan ka hiji ponggawa supaya sagala harta milik eta wanita dipulangkeun. Malah laladangan tina hasil lahanna salila ditinggalkeun nepi ka tujuh taun oge sakalian diserenkeun.

⁷Hiji mangsa Elisa angkat ka Damsik. Harita Raja Benhadad keur teu damang. Raja diuningaan yen aya Elisa sumping.

⁸Seug nimbalan ka Hasael, salah sahiji mantrina, "Elisa abdi Allah teh haturana

pangbakti. Unjukkeun kami hayang dipangnaroskeun ka PANGERAN bakal menyat deui atawa moal."

⁹Hasael tuluy nyadiakeun rupa-rupa barang buatan Damsik anu panghadena, dimuatkeun kana opat puluh onta, bral dibawa ngadeuheus ka Elisa. Sanggeus aya di payuneunana Hasael mihatur, "Jisim abdi dipiwarang ku Raja Benhadad, seja nyuhunkeun citeres Ajengan, kumaha anjeunna teh bakal damang deui atanapi moal?"

¹⁰Saur Elisa, "Sayaktosna Bapa parantos terang ti PANGERAN, raja bakal tereh pupus. Nanging unjukkeun bae bakal damang, kituh."

¹¹Geus kitu Elisa neuteup anteb ka Hasael, nepi ka Hasael ngelemes. Berebey Elisa bijilan cisoca.

¹²Ceuk Hasael, "Ku naon Ajengan bet nangis?" Saur Elisa, "Lantaran Bapa terang kacilakaan anu ku hidep bakal dikeunakeun ka urang Israil. Kota-kota bentengna ku hidep bakal seep dihuru, para nonomanana dipeuncitan, orok-orokna dipepejet, nu keur ngarandung dibedelan beuteungna."

¹³Piunjuk Hasael, "Beu, pimanaeun abdi tiasa midamel sapertos kitu? Abdi sakieu buktosna geuning!" "Bapa geus terang ti PANGERAN, hidep bakal jadi raja Siria," waler Elisa.

¹⁴ Geus kitu Hasael mulang, marek ka Benhadad, tuluy dipariksa, "Kumaha saur Elisa teh?" Piunjuk Hasael, "Saurna Sang Raja tangtos damang deui."

¹⁵ Isukna Hasael nyokot simbut dicelupkeun kana cai, tuluy dirungkupkeun kana raray raja, kusek raja pupus. Tuluy Hasael jadi raja Siria ngaganti Benhadad.

¹⁶ Yehoram putra Yosapat mimiti ngarajaan Yuda dina taun kalima Yoram putra Ahab ngarajaan Israil,

¹⁷ dina yuswa tilu puluh dua taun. Calikna di Yerusalem, ngarajaanana dalapan taun.

¹⁸ Ari geureuhana teh putra Ahab. Lampah Yehoram teu beda ti lampah ahli-ahli Ahab, kalakuanana awon cara raja-raja Israil, midamel dosa ka PANGERAN.

¹⁹ Ngan bae PANGERAN teu kersaeun ngabasmi Yuda, emut kana jangji-Na ka Daud abdi-Na, yen putra-putra Daud salawasna bakal aya anu ngasta karajaan.

²⁰ Jaman Yehoram ngarajaan Yuda, urang Edom mungkir, ngaleupaskeun maneh jadi karajaan anu mandiri.

²¹ Ku sabab kitu Yehoram angkat nyandak pasukan kareta ka Sair. Di dinya anjeunna dikepung ku urang Edom, tapi peutingna anjeunna jeung para panglima pasukan kareta norobos kepungan musuh, ari prajurit-prajuritna kalabur, baralik ka imahna masing-masing.

²²Ti semet harita Edom henteu kaereh deui ku nagara Yuda. Sawaktu keneh jeung eta, nagara Libna oge baha ka Yuda.

²³Carita Raja Yehoram kaungel dina Kitab Babad Raja-raja Yuda.

²⁴Yehoram pupus, dimakamkeun di makam karajaan di Kota Daud, diganti ku Ahasia, putrana.

²⁵Ahasia putra Yehoram mimiti jadi raja Yuda dina taun kadua belas Yoram putra Ahab ngarajaan Israil,

²⁶dina yuswa dua puluh dua taun. Calikna di Yerusalem, ngarajaanana sataun. Ari ibuna nya eta Atalya putra Raja Ahab putu Omri raja Israil.

²⁷Kawantu ngawargi ka Raja Ahab da geureuhaan ka putra eta raja, Ahasia oge cara ahli-ahli Ahab bae midamel dosa ka PANGERAN.

²⁸Hiji mangsa Raja Ahasia samiuk jeung Raja Yoram perang ngalawan Raja Hasael ti nagara Siria. Sanggeus campuh di Ramot wewengkon Gilad, Yoram kabeunangan, salirana taratu,

²⁹tuluy bae mulih ka Yisrel rek Ialandong, ku Ahasia dilayad.

9¹Dina waktu eta Nabi Elisa nyaur hiji nabi ngora, saurna, "Geura dangdan, kudu ka Ramot wewengkon Gilad. Bawa ieu minyak jetun ka ditu.

²Panggihan Yehu putra Yosapat putu Nimsi. Bawa misah ti nu sejen, ajak ka kamar paduduaan.

³Kucurkeun ieu minyak kana sirahna. Sebutkeun kieu, Andika ku PANGERAN dilisahan jadi raja nagara Israil, sanggeus kitu hidep kudu buru-buru gancang nyinkah ti ditu."

⁴Bral nabi ngora teh iang ka Ramot.

⁵Barang datang kasampak Yehu keur babadamian jeung kapala-kapala balad. Pok eta nabi mihatur, "Pangapunten Juragan, aya wartos kangge Juragan." Saur Yehu, "Pikeun saha? Saha anu dimaksud?" Pihaturna, "Juragan!"

⁶Yehu cengkat tuluy ka jero kamar. Sanggeus aya di jero kamar seug sirahna ku nabi dikucuran ku minyak. Kieu pihatur eta nabi, "PANGERAN Allah Israil ngandika, Maneh ku Kami dilisahan jadi raja nyangking umat Kami Israil.

⁷Raja dunungan maneh, anak Ahab, paehan, wawales ti Kami ka Isebel anu geus maehan nabi-nabi Kami jeung abdi-abdi Kami lianna.

⁸Sakulawarga Ahab katut turunanana kudu tumpur. Sakur ahlina anu lalaki, kolot, ngora, ku Kami bakal ditumpes.

⁹Ku Kami rek disaruakeun jeung ahli-ahlina dua raja Israil, Raja Yarobam jeung Raja Baasa.

¹⁰Isebel moal manjing kubur, bangkena sina dihakan ku anjing di wewengkon Yisrel." Sanggeus ngomong kitu nabi ngora teh kaluar tuluy lumpat.

¹¹Yehu kaluar nyampeurkeun deui kanca-kancana anu nararos kieu, "Kumaha teu kieu-kieu? Bade naon eta nu burung teh, ngomong naon?" Saur Yehu, "Ah, aranjeun geus aruninga."

¹²Ceuk para perwira kanca-kanca Yehu, "Terang ti saha! Cobi carioskeun kumaha ngomongna eta jalma teh." Waler Yehu, "Nya eta sanggemna teh, kieu pangandika PANGERAN, Maneh ku Kami dilisahan jadi raja Israil."

¹³Para perwira kanca-kanca Yehu teu talangke ngalamparkeun jubahna kana umpak tangga pangluhurna anu ditincak ku Yehu, tuluy nariup tarompet, ger sarurak, "Yehu jumeneng raja!"

¹⁴(9: 14-15) Sanggeus kitu Yehu pasini ngamusuh ka Raja Yoram. Raja Yoram harita aya di Yisrel keur nambakeun tatu-tatuna urut perang di Ramot ngalawan Raja Hasael ti Siria tea. Saur Yehu ka para perwira kancana, "Urang parantos sahate. Kade ulah aya jalma molos kaluar ti Ramot, heug mopoyanan ka nu araya di Yisrel."

¹⁵(9: 14)

¹⁶Yehu terus kana kreta seja muru ka Yisrel. Ari Raja Yoram harita tacan damang, keur dilayad keneh ku Raja Ahasia.

¹⁷Pangawal anu keur kemit di munara pangawas di Yisrel nenjoeun ka aleutan Yehu, tuluy ngagero, "Aya nu ka dieu saaleutan!" Saur Yoram, "Papag ku nu tumpak kuda! Sidikkeun, batur atawa musuh."

¹⁸Jelema anu diutus terus kaluar tumpak kuda mapag Yehu, pok mihatur, "Kaula utusan raja. Raja palay uninga andika teh kanca atawa sanes." Saur Yehu, "Maneh teu kudu nyaho! Hayoh biluk ka kami!" Kawal di munara pangawas lapor yen utusan geus amprok jeung aleutan, tapi henteu balik deui.

¹⁹Ngirim deui utusan sejen, pok ngomong ka Yehu cara nu ti heula. Yehu oge ngawalonna kawas tadi, "Maneh teu kudu nyaho! Hayoh biluk ka kami!"

²⁰Ku nu kawal dilaporkeun deui yen utusan geus amprok jeung aleutan tapi henteu datang deui. "Kapala aleutanana tumpak kreta, ngajalankeunana sapertos anu kasurupan, rupina mah sapertos Yehu!" ceuk nu kemit.

²¹"Pasang kreta kami!" saur Raja Yoram. Ti dinya clak anjeunna kana kreta, bareng jeung Raja Ahasia dina karetana ku anjeun, tuluy maju mapag Yehu. Prok amprok di lebah lahan Nabot.

²²"Anjeun teh rek niat hade?" saur Raja Yoram. Saur Yehu, "Rek niat hade kumaha sapanjang di dieu loba keneh elmu nu nyarembah ka brahala, anu dimimitian ku si Isebel indung maneh?"

²³"Aduh Ahasia, urang kalejokeun!" Yoram ngagero ka Ahasia bari malikkeun karetana terus kabur.

²⁴Yehu ngawengkang gondewa sataker tanaga. Jamparingna ngabelesat, keuna kana pungkur Raja Yoram, tembus kana angenna. Bluk Yoram tibeubeut dina kreta, terus pupus.

²⁵Yehu ngalahir ka Bidkar, pangawal utamana, "Angkat bangkena, balangkeun ka lahan Nabot. Maneh tangtu inget keneh basa urang tumpak kuda tukangeun Raja Ahab bapana Raja Yoram. Harita PANGERAN geuning ngandika ka Ahab, pangandika-Na,

²⁶Kami kamari ningali Nabot saanak incuna dipaehan. Kami sumpah, maneh oge ku Kami rek dipaehan di dieu, di kebon ieu! Geuwat bangkena angkat," saur Yehu, "balangkeun ka lahan Nabot, nekanan timbalan PANGERAN."

²⁷Raja Ahasia barang ningali eta kajadian terus kabur dina karetana, muru ka kota Bet Hagan, diudag-udag ku Yehu. "Manehna oge paehan!" saur Yehu ka baladna. Sanggeus nepi ka jalan anu terus ka Gur, Ahasia beunang deukeut Yiblam, sarta tatu. Tapi

nguat-nguat anjeun nepi ka kota Megido.

Barang nepi ka dinya terus pupus.

²⁸ Layonna ditareang ku ponggawa-pongawana, dibawa ka Yerusalem dina kareta. Tuluy dimakamkeun di makam karajaan di Kota Daud.

²⁹ Ahasia mimiti jadina raja dina taun kasabelas Yoram putra Ahab ngarajaan nagara Israil.

³⁰ Yehu cunduk ka Yisrel. Kajadian-kajadian anu tadi geus kauninga ku Isebel. Isebel tuluy diwedak, socana disipat, rambutna didangdanan, terus nempo ka jalan tina jandela karaton.

³¹ Barang Yehu lebet ngalangkung gapura, Isebel ngagero, "Euy, Simri! Tukang maehan! Rek naon ka dieu?"

³² Yehu tanggah, tuluy ngalahir, "Saha nu daek biluk ka kami?" Aya dua tilu ponggawa karaton anu ngelolkeun sirah tina jandela, nempo ka anjeunna di handap.

³³ Yehu ngalahir, "Jongklokkeun eta awewe!" Gebut diragragkeun, getihna muncrat kana tembok jeung kana kuda. Yehu ngajalankeun karetana digelengkeun ka Isebel.

³⁴ Geus kitu sup Yehu lebet ka karaton, tuluy tuang. Reres tuang kakara anjeunna marentah, saurna, "Urus bangke eta awewe jahat teh, kuburkeun, da anak raja eta teh."

³⁵Tapi barang rek dikubur bet geus teu aya, kari tangkorekna, tulang suku jeung tulang leungeun.

³⁶Tuluy diunjukkeun ka Yehu. Ari saur Yehu, "Tinekanan sakumaha timbalan PANGERAN anu diandikakeun ka Elias abdi-Na. Kapan timbalana-Na teh, Bangke Isebel sina dihakan anjing di wewengkon Yisrel,

³⁷sesa-sesa awakna bacacaran lir kokotor sato, nepi ka moal aya anu boga panyana yen eta sesa awakna."

10¹ Ari Raja Ahab teh kagungan tujuh puluh putra lalaki, maratuhna di Samaria. Yehu ngadamel serat, salinan-salinanana dikintunkeun ka para pangereh kota, ka para pamuka masarakat, jeung ka nu ngarasuh putra-putra Ahab. Eusina,

²"Maraneh dikawasakeun ngurus anak incu raja, ngurus kareta-kareta, kuda, pakarang-pakarang, jeung kota-kota benteng. Mana satampana ieu surat,

³maraneh kudu buru-buru ngileng-ngileng anak raja anu pancakepna, anu payus jadi raja, pek jieun raja jeung belaan ku maraneh."

⁴Pangereh-pangereh Samaria jadi sarieuneun. Ceuk maranehna, "Mana kuat urang ngalawan Yehu? Raja Yoram jeung Raja Ahasia ge geuning nepi ka tiwas!"

⁵Ku sabab kitu kapala urusan karaton jeung wali kota, bareng jeung para pamuka

masarakat jeung jelema-jelema anu ngarurus anak-anak raja teh ngirim pihatur ka Yehu, unina, "Abdi-abdi sumeja pasrah sadaya-daya, sumeja tumut kana timbalan. Nanging paliyas kedah ngangkat jalma sanes jadi raja mah. Abdi sadaya ngantos timbalan kumaha pisaeunana."

⁶Yehu ngintun deui surat, unina, "Lamun enya daek milu ka kami, sadia ngalakonan parentah kami, kami menta hulu anak incu Raja Ahab. Ku kami ditunggu di Yisrel isukan wayah kieu!" Anu ngasuh jeung ngagedekeun putra-putra Ahab anu tujuh puluh teh para gegeden Samaria.

⁷Satampana surat ti Yehu teu talangke, putra putu Ahab terus diparaahan, sirahna diteukteukan tuluy dikaranjangan, dikirimkeun ka Yehu di Yisrel.

⁸Yehu diuningaan yen kiriman sirah putra putu Ahab geus datang. Seug anjeunna marentah supaya eta sirah-sirah teh digundukkeun dua tumpuk di lawang nagara, jeung kudu terus diantep heula nepi ka isukna deui.

⁹Poe isukna ku Yehu ditingalian ka lawang nagara. Saur Yehu ka sakur nu aya, "Anu ngalawan jeung maehan Raja Yoram memang kami. Dina eta perkara maraneh beresih. Tapi ieu kabeh saha anu maehanana?

¹⁰Ana kitu tetela sagala pangandika PANGERAN hal anak incu Ahab teh tinekanan.

Pangandika PANGERAN ku jalan Nabi Elias
geus bukti laksana."

¹¹ Sanggeus kitu sakabeh wargi Ahab
anu araya di Yisrel, para gegedenna,
mitra-mitrana, imam-imamna, ku Yehu
dibasmi teu aya anu disesakeun hirup.

¹² Yehu angkat ti Yisrel ka Samaria. Di
satengahing jalan, di hiji tempat anu disebut
"Pondok Pangangon"

¹³ amprok jeung saderek-saderek Ahasia
raja nagara Yuda almarhum. Yehu mariksa,
"Arandika saha?" Jawabna, "Saderek-saderek
Ahasia, seja ka Yisrel, seja nembongkeun
katineung ka putra putu Isebel jeung
wargi-wargi karajaan anu araya keneh."

¹⁴ Yehu marentah ka baladna, "Cerek
kabeh hirup-hirup!" Tuluy dicarerek, seug
dipeuncitan deukeut hiji lombang jero di
dinya, kabehna opat puluh dua urang, taya
anu dihirupan.

¹⁵ Yehu terus angkatna, di jalan tepung jeung
Yonadab bin Rekab. Yehu ngabageakeun sarta
saurna, "Urang teh sajalan nya pipikiran.
Kersa ngabantu kaula?" "Kantenan," ceuk
Yonadab. "Atuh urang sasalaman," saur Yehu.
Tuluy sasalaman mani pageuh. Yonadab ku
Yehu dituyun kana kareta,

¹⁶ saurna, "Urang sareng ka ditu. Tingalikeun
engke bakti kaula ka PANGERAN," terus
bareng ka Samaria.

¹⁷ Barang sumping, Yehu terus numpes wargi-wargi Ahab, teu disesakeun saurang-urang acan. Tinekanan sakumaha pangandika PANGERAN anu diandikakeun ka Nabi Elias.

¹⁸ Yehu ngumpulkeun urang Samaria. Sanggeus kabeh kumpul, Yehu sasauran, "Ahab nyembahna ka batara Baal teu sabaraha. Kami mah rek leuwih ti kitu.

¹⁹ Kumpulkeun nabi-nabi Baal, abdi-abdina, imam-imamna. Ulah aya anu teu datang. Kami rek nyuguhkeun kurban gede ka Baal. Saha-saha nu teu datang moal dihirupan." (Tapi kituna teh akal, nu dipalar ku Yehu sakabeh umat Baal rek digempur.)

²⁰ Yehu marentah deui, "Embarkeun kudu saradia pikeun ngahormat ka Baal!" Seug diembarkeun.

²¹ Ti dinya Yehu ngintun timbalan ka sakuliah tanah Israil. Tukang nyarembah ka Baal teh daratang taya anu tinggaleun. Sup kabeh arasup ka gedong Baal mani pajejel ti sisi ditu nepi ka sisi dieu.

²² Yehu marentah ka imam purah ngurus jubah-jubah karamat, supaya jubah-jubah teh dikaluarkeun, sina terus diparake ku nu rek ngabarakti.

²³ Geus kitu Yehu lebet ka eta gedong jeung Yonadab bin Rekab, sasauran ka nu karumpul, "Pariksa heula bisi aya abdi-abdi PANGERAN anu milu asup. Anu meunang milu ngan abdi-abdi Baal wungkul."

²⁴ Geus kitu Yehu jeung Yonadab peta-peta rek nyuguhkeun peupeuncitan jeung kurban beuleuman ka Baal. Di luar anjeunna geus metakeun baladna dalapan puluh urang, timbalanana, "Jelema-jelema anu geus araya di jero engke paehan kabeh. Mun nepi ka aya anu leupas najan saurang, nyawa anu ngaleupaskeunana pigantieunana!"

²⁵ Anggeus Yehu nyuguhkeun kurban-kurban, nimbalan ka para pengawal jeung para perwira, "Arasup! Paehan kabeh! Poma ulah aya anu leupas!" Terus arasup nyarekel pedang, nyarabetan anu araya di jero, bangke-bangkena digusuran ka luar. Bus deui arasup ka kamar karamat eta gedong,

²⁶ pilar brahala di dinya digusur tuluy diduruk.

²⁷ Eta pilar brahala geus beak ku seuneu, gedongna diruntuhkeun, tuluy dijieun pacilingan, nepi ka ayeuna.

²⁸ Kitu petana Yehu numpes umat Baal di Israil.

²⁹ Tapi anjeunna oge nurutan dosa Raja Yarobam, anu mawa bangsa Israil kana dosa, maruja ka babantengan emas anu diadegkeun ku anjeunna di Betel jeung Dan.

³⁰ PANGERAN nimbalan ka Yehu, "Maneh geus numpes anak-anak Ahab nurutkeun pangersa Kami. Kami jangji, anak incu maneh opat turunan bakal jaradi raja di Israil."

³¹ Tapi Yehu tumutna kana Hukum

PANGERAN Allah Israil teh henteu terus jeung manah, anggur nurutan lampah Yarobam, mawa urang Israil kana dosa.

³² Dina jaman eta PANGERAN ngawitan nyecelan wewengkon Israil. Wewengkon Israil beuki kurang, dibeunang-beunangkeun ku Raja Hasael ti Siria,

³³ ti semet wetaneun Walungan Yordan terus ka kidul nepi ka Arur anu di sisi Walungan Arnon, ngurung wewengkon-wewengkon Gilad jeung Basan pamatuhan kaom Gad, kaom Rubin, jeung kaom Menase wetan.

³⁴ Carita Yehu salian ti eta, lampah kagagahanana, kaungel dina Kitab Babad Raja-raja Israil.

³⁵ Yehu geus pupus, dimakamkeun di Samaria, diganti ku Yoahas putrana, jadi raja.

³⁶ Jadina raja Israil dua puluh dalapan taun, calikna di Samaria.

11 ¹Barang Atalya ibu Raja Ahasia uningaeun yen putrana ditelasan, terus bae marentah supaya sakabeh anggota kulawargi raja ditumpur. Seug ditumpur.

² Tapi aya saurang anu salamet, nya eta Yoas putra Ahasia. Eta oge meh beunang dipaehan, tapi kaburu disalametkeun ku Yoseba, bibina, putra Raja Yehoram, kapisaderek Ahasia, tuluy disumputkeun jeung pangasuhna di hiji kamar di jero Bait Allah, jadi henteu milu tiwas.

³Eta murangkalih disumputkeunana di Bait Allah meunang genep taun, dirawatan ku Yoseba; sajeroning kitu Atalya jadi ratu.

⁴Dina katujuh taunna, Imam Yoyada ngahaturanan opsir-opsir pangawal karajaan jeung pangawal karaton ka Bait Allah, diajak pasini, lantaran anjeunna kagungan rasiah. Sanggeus kabeh disumpah yen moal rek ucah-aceh, anjeunna nembongkeun Yoas putra Ahasia.

⁵Geus kitu anjeunna ngatur, saurna, "Engke dina giliran aranjeun ngajagi dina poe Sabat, sapertilu ngajagi di karaton,

⁶sapertilu ngajagi di Gapura Sur, sapertilu deui ngajagi di lawang pungkureun para tamtama sanesna.

⁷Anu dua bagian, anu henteu ngajaga dina poe Sabat kudu aya di Bait Allah nangtayungan raja.

⁸Mun Raja Yoas ka ditu ka dieu kudu ditangtayungan, pedang abarkeun. Sing saha anu ngadeukeutan, paehan."

⁹Parentah Yoyada ku opsir-opsir digumatikeun. Para prajuritna anu kagiliran jaga poe Sabat jeung anu keur henteu kagiliran jaga dikumpulkeun ka anjeunna.

¹⁰Opsir-opsir ku anjeunna dibagi tumbak tittinggal Raja Daud anu disimpen di Bait Allah.

¹¹ Palataran Bait Allah sakurilingna
dipiwarang dijaga ku anu maresat pedang,
nangtayungan raja.

¹² Geus kitu Yoas ku Yoyada dicandak ka
luar, rap dimakutaan, terus diselehan salinan
palaturan martabat raja. Yoas geus dilisahan
dijenengkeun raja. Jalma rea sarurak,
"Wilujeng raja!"

¹³ Surakna para pangawal jeung jalma
rea kadangu ku Ratu Atalya. Anjeunna
gesat-gesut angkat ka Bait Allah, ari sumping
nyampak jalma sakitu lobana.

¹⁴ Katingalieun raja anyar keur ngadeg
dina parantina deukeut tihang lawang
asup ka rohangsan Bait Allah, digendeng
ku para gegeden jeung pasukan tarompet.
Jalma-jalma sarurak ditarungku nu nariup
tarompet. Atalya nyosoeh anggoanana, liwat
saking benduna, tuluy ngadengek, "Hianat!
Hianat!"

¹⁵ Yoyada marentah ka opsir-opsir, nyegah
sangkan Atalya ulah dipaehan di lingkungan
Bait Allah. Parentahna, "Kaluuarkeun!
Bere jalan antara barisan pangawal! Anu
nyoba-nyoba nulungan paehan!"

¹⁶ Atalya pada nyerek, dibawa kaluar dibawa
deui ka karaton, tuluy dipaehan di Gapura
Kuda, tuluy dipaehan di dinya.

¹⁷ Imam Yoyada miwarang sangkan Raja
Yoas jeung rahayat ngayakeun perjangjian
jeung PANGERAN yen baris jadi umat

PANGERAN, kitu deui perjangjian antara raja reujeung rahayatna.

¹⁸ Geus kitu jalma rea arindit ka gedong Baal, eta gedong dirubuhkeun, altar-altar jeung arca-arcana diruksak-ruksakkeun, sarta Matan imam Baal dipaehan hareupeun altar. Yoyada nempatkeun pasukan jaga di Bait Allah.

¹⁹ Ti dinya anjeunna, para gegeden, para pangaping raja, jeung para pangawal karaton, ngalulungsur raja ti Bait Allah ka karaton, dijajap ku jalma rea. Yoas lebet nganggo jalan Gapura Pangawal, gek linggih dina singgasana.

²⁰ Rahayat ngarasa bagja, nagara jadi kerta. Ari Atalya geus ditelasan di karaton.

²¹ Yoas jadi raja nagara Yuda dina yuswa tujuh taun.

12¹ Yoas mimiti jadi raja dina taun katujuh Raja Yahu ngarajaan nagara Israil. Calikna di Yerusalem, ngarajaanana opat puluh taun. Jenengan ibuna Sibya ti Bersyeba.

² Sapanjang jumenengna midamel anu bener dina paningal PANGERAN, lantaran terus diasuh ku Imam Yoyada.

³ Tapi tempat-tempat pangibadahan ka brahala mah diantep henteu digempur, jalma-jalma masih keneh ngalurban jeung ngarukus di tempat-tempat kitu.

⁴Hiji mangsa Yoas marentah ka imam-imam, supaya duit anu katarima tina kurban-kurban di Bait Allah, boh tina kurban-kurban anu baku, boh anu didermakeun kitu bae, supaya disimpen.

⁵Tiap imam kudu tanggung jawab kana duit anu dibaktikeun ku jelema-jelema anu dilalayananana. Eta duit baris dipake pikeun ngomean karuksakan Bait Allah samangsa perlu.

⁶Tapi nepi ka geus dua puluh tilu taun Raja Yoas ngarajaan, para imam teh acan prak keneh bae ngomean Bait Allah.

⁷Ku sabab eta anjeunna ngahaturanan Imam Yoyada jeung imam-imam sejenna, seug mariksa, "Ku naon Bait Allah teh teu acan diomean keneh? Ku margi kitu ayeuna mah artos anu katampi teh teu kedah disimpen heula, teras bae serenkeun ka tukang ngomean supados tiasa teras digunakeun sakumaha mistina."

⁸Para imam rempug moal nyimpen deui duit anu katarima, sarta ngomean Bait Allah moal ku aranjeunna.

⁹Ti dinya Imam Yoyada ngadamel kotak, turubna dicopongan, diteundeun gigireun altar katuhueun salah sahiji lawang rohangan Bait Allah. Duit anu katarima ti nu karumpulan ku para imam anu kapapancenan di dinya diasupkeun kana eta kotak.

¹⁰Lamun eta kotak geus loba eusina, duitna dikaluarkeun ku panitera karajaan jeung Imam Agung, ditimbang terus dibungkusan.

¹¹Sanggeus jumlahna dicatet samistina tuluy diserenkeun ka tukang-tukang digawe di Bait Allah pikeun upah tukang kayu, tukang ngadegkeun,

¹²tukang batu, tukang meulahan batu, dibeulikeun kai jeung batu pikeun uma-ome jeung rupa-rupa deui ongkos anu tumali jeung eta.

¹³Jadi eta duit teh taya anu dipake keur kaperluan nyieun barang-barang perak kayaning cangkir perak, bokor, tarompet, pakakas paranti ngurus lampu atawa paparabotan emas perak lianna.

¹⁴Kabeh dipake pikeun upah anu digarawe jeung pikeun meuli bahan-bahan kaperluan uma-ome.

¹⁵Jalma-jalma anu dipasrahan ngurus pagawean henteu kudu balitungan perkara duit, lantaran kabeh jalujur beunang dipercaya.

¹⁶Tapi duit anu katarima tina kurban ganti rugi jeung kurban dosa mah henteu diasupkeun kana kotak, sabab eta mah pikeun para imam.

¹⁷Mangsa harita Hasael raja Siria tea ngarurug ka Gat. Sanggeus Gat beunang, karepna rek terus ngarurug ka Yerusalem.

¹⁸Ti dinya Yoas raja Yuda ngumpulkeun barang-barang beunang nyucikeun Raja Yosapat, Raja Yehoram, jeung Raja Ahasia, anu dibaktikeun ka PANGERAN, dilengkepan ku sakabeh emas kagunganana ku anjeun, kitu deui emas ti gudang rajabrama Bait Allah jeung karaton, tuluy dikintunkeun ka Hasael raja Siria anu terus ngantunkeun Yerusalem.

¹⁹Carita Raja Yoas salian ti eta kaungel dina Kitab Babad Raja-raja Yuda.

²⁰(12: 20-21) Hiji mangsa mantri-mantrina sakait ngamusuh, sarta ahirna anjeunna ditelasan ku dua mantrina anu ngaran Yosakar bin Simat jeung Yosabad bin Somer. Ditelasanana di hiji imah anu ayana di wewengkon Yerusalem beulah wetan, sisi jalan anu mudun ka Sila. Yoas dimakamkeun di makam karajaan di Kota Daud. Amasia putrana ngagentos jadi raja.

²¹(12: 20)

13¹Yoahas putra Yehu jadi raja nagara Israil dina taun kadua puluh tilu Raja Yoas putra Ahasia ngarajaan nagara Yuda. Calikna di Samaria, ngarajaanana tujuh belas taun.

²Anjeunna oge cara Raja Yarobam anu saheulaeunana, dosa ka PANGERAN sarta mawa urang Israil kana dosa, henteu euih-euih tina kalakuanana anu goreng.

³Ku sabab kitu PANGERAN bendu ka Israil, nepi ka Israil ku Mantenna diantep sina teu

eureun-eureun diperangan jeung dielehkeun
ku Hasael ti Siria jeung Benhadad putrana.

⁴Geus kitu Yoahas sasambat ka PANGERAN.
Panyambatna dimakbul, sabab PANGERAN
ningali kumaha kerasna urang Siria ngagencet
ka urang Israil.

⁵Israil ku PANGERAN dipaparin hiji panulung
anu ngabebaskeun maranehna ti urang
Siria, nepi ka talengtrem deui cara ka
tukang-tukang.

⁶Sanajan kitu maranehna masih keneh
bae marigawe dosa anu dimimitian ku Raja
Yarobam, tetep garoreng kalakuan. Arca Dewi
Asera oge aya keneh bae di Samaria.

⁷Harita Yoahas geus teu kagunganeun balad
kuat, ngan kari serdadu kuda lima puluh
urang, sapuluh kareta, jeung salaksa serdadu
leumpang. Anu sejenna geus beak digempur
ku raja Siria nepi ka dileyekan kawas leutak.

⁸Carita Raja Yoahas salian ti eta jeung hal
kagagahanana, kaungel dina Kitab Babad
Raja-raja Israil.

⁹Sanggeus pupus dikurebkeun di Samaria,
Yoas putrana ngagentos jadi raja.

¹⁰Yoas putra Yoahas mimiti jadi raja nagara
Israil dina taun katilu puluh tujuh Yoas
putra Ahasia ngasta nagara Yuda. Calikna di
Samaria, ngarajaanana genep belas taun.

¹¹Anjeunna ge nirca ti PANGERAN, niru
kalakuan Raja Yarobam anu nyered Israil
kana dosa.

¹²Carita Yoas raja Israil jeung hal kagagahanana waktu merangan Amasia raja Yuda, kaungel dina Kitab Babad Raja-raja Israil.

¹³Sanggeus pupus dimakamkeun di makam karajaan di Samaria, Yarobam II putrana ngagentos jadi raja.

¹⁴Hiji mangsa Elisa teu damang, beuki lila beuki wales. Yoas raja Israil ngalayad, sumping-sumping nangis sarta saurna, "Ama, Ama! Ama teh nabi Israil anu digjaya."

¹⁵Elisa sasauran, "Candak ka dieu gondewa sareng jamparing." Sanggeus pamundutna dicumponan,

¹⁶anjeunna miwarang sangkan raja tarapti pikeun ngalepas jamparing. Sanggeus tarapti, Elisa numpangkeun panangan kana panangan raja,

¹⁷sarta miwarang muka jandela anu nyanghareup ka lebah Siria. Sanggeus jandela dibuka, Elisa marentah, "Lepas jamparing!" Barang jamparing ngabelesat tina panangan raja, Elisa ngalahir, "Jamparing PANGERAN! Anu ku Mantenna dikersakeun pikeun ngagempur Siria, sarta hidep bakal unggul. Gempur urang Siria ku hidep di Apek, tangtu eleh!"

¹⁸Geus kitu Elisa marentah deui supaya jamparing sejenna ku raja diteunggeulkeun kana taneuh. Raja neunggeul taneuh ku

jamparing. Kakara meupeuh tilu kali geus liren.

¹⁹ Elisa bendu, saurna ka raja, "Kuduna hidep meupeuh teh nepi ka lima atawa genep kali, tangtu urang Siria eleh ku hidep nepi ka tumpurna. Ayeuna hidep ngan bakal bisa ngelehkeun tilu kali."

²⁰ Nepi kana pastina Elisa pupus, tuluy dikurebkeun. Ari gorombolan urang Moab geus biasa unggal taun sok ngaranjah ka tanah Israil.

²¹ Sakali mangsa aya jalma-jalma anu rek ngaruang mayit, tuluy narenjo eta gorombolan daratang deui. Teu tata pasini deui, mayit teh dikusrukkeun, keuna kana makam Elisa, anu rek ngaruangna tingbalecir. Ari mayit tea barang antel kana tulang taleng Elisa, dak dumadak hirup deui tuluy cengkat.

²² Jaman dirajaan ku Yoahas, urang Israil kacida dibalangsakkeunana ku Hasael raja Siria.

²³ Tapi PANGERAN nu sipat welas henteu ngantep sangkan Israil tumpur. Malah maparin pitulung, lantaran emut kana jangji-Na ka Ibrahim, Ishak, jeung Yakub. Mantenna henteu lali ka umat-Na.

²⁴ Hasael raja Siria geus pupus, diganti ku Benhadad putrana.

²⁵ Benhadad dielehkeun ku Yoas putra Yoahas raja Israil nepi ka tilu kali. Kota-kota

anu keur jaman Yoahas ramana karebut ku
Benhadad dibeunang-beunangkeun deui.

14¹ Amasia putra Raja Yoas jadina raja
nagara Yuda dina taun kadua Yoas
putra Yoahas ngarajaan nagara Israil,
²dina yuswa dua puluh lima taun. Calikna
di Yerusalem, ngarajaanana dua puluh
salapan taun. Jenengan ibuna Yoadan, urang
Yerusalem keneh.

³Lampahna matak pikamaheun
PANGERAN, ngan teu saperti Raja Daud
karuhunna. Anjeunna cara ramana bae,

⁴henteu ngagempur tempat-tempat
pangibadahan ka brahala; rahayat masih
keneh ngalurban jeung ngarukus di
tempat-tempat kitu.

⁵Sanggeus Amasia ngaraos yen
kakawasaanana geus nanceb, teu talangke
deui ngahukum paeh pongawa-pongawa
anu nelasan Raja Yoas ramana.

⁶Tapi henteu terus maehan ka anak-anakna,
sabab anjeunna tunduk kana timbalan
PANGERAN anu kaungel dina Hukum Musa,
yen: "Bapa teu meunang dihukum paeh ku
karana kajahatan anakna; anak teu meunang
dihukum paeh ku karana kajahatan bapana;
sing saha anu jahatna, eta anu kudu dihukum
paeh."

⁷Di Lebak Uyah Amasia numpes 10.000
serdadu urang Edom, ngarebut kota Sela,

sarta eta kota diganti ngaranna jadi Yoktel,
nepi ka kiwari.

⁸Sanggeus kitu Amasia ngintun utusan ka Yoas raja Israil, nangtang perang.

⁹Tapi ku Raja Yoas diwaler kieu, "Sakali mangsa di Pagunungan Libanon, tangkal cucuk ngirim pamenta ka tangkal kiputri, pokna, Anak awewe andika ku kula rek dipenta keur pibojoeun anak kaula. Pareng aya sato leuweung ngaliwat, tangkal cucuk teh kaidek.

¹⁰Beu Amasia, ulah kena-kena geus bisa ngelehkeun urang Edom! Benerna geus mashur mah enggeus masing jongjon di imah. Keur naon ngusik-ngusik pibalaieun, anu temahna andika jeung rahayat cilaka?"

¹¹Tapi ku Amasia teu didangu. Ku sabab kitu Raja Yoas jengkar nyandak balad ka wewengkon Yuda, teras merangan di Bet Semes.

¹²Balad Amasia eleh, prajuritna kalabur ka saimah-imahna.

¹³Amasia ku Yoas ditangkep jeung dicandak ka Yerusalem. Sumping ka Yerusalem, Yoas ngarugrugkeun kuta nagara ti semet Gapura Epraim nepi ka Gapura Juru, panjangna kira-kira dua ratus meter.

¹⁴Emas perak anu kapendak ku Yoas dicandak, kitu deui paparabotan Bait Allah jeung rajabrama karaton kabeh dirampas,

dicandak mulih ka Samaria. Malah nyandak sandera sababaraha urang.

¹⁵Carita Yoas salian ti eta, kitu deui kagagahanana waktu perang ngalawan Amasia raja Yuda, kaungel dina Kitab Babad Raja-raja Israil.

¹⁶Sanggeus Yoas pupus jeung dikurebkeun di makam karajaan di Samaria, Yarobam II putrana ngagentos jadi raja.

¹⁷Sanggeus Yoas raja Israil pupus, Amasia raja Yuda masih keneh ngarajaan lima belas taun.

¹⁸Carita Raja Amasia salian ti eta kaungel dina Kitab Babad Raja-raja Yuda.

¹⁹Sanggeus kitu di Yerusalem aya anu sakait rek nelasan Amasia. Amasia kabur ka Lakis. Tapi ku musuhna diudag nepi ka beunang, tuluy ditelasan di dinya.

²⁰Layonna dicandak kana kuda ka Yerusalem, tuluy dimakamkeun di makam karajaan di Kota Daud.

²¹Ti dinya urang Yuda ngamakutaan putrana anu yuswana genep belas taun, nya eta Usia, dijadikeun raja.

²²Sanggeus ramana pupus, Usia hasil ngarebut deui kota Elat jeung ngomean eta kota.

²³Yarobam II putra Yoas jadi raja nagara Israil dina taun kalima belas Amasia putra Yoas ngarajaan nagara Yuda. Calikna di Samaria, ngarajaanana opat puluh hiji taun.

²⁴ Lampahna nirca ti PANGERAN, nurut kana kajahatan Raja Yarobam bin Nebat saheulaeunana, anu mawa Israil kana dosa.

²⁵ Anjeunna meunangkeun deui sakabeh wewengkon Israil, ti kalerna mimiti ti jalan ka Hamat, ka kidulna nepi ka Laut Paeh, tinekanan sakumaha jangji PANGERAN Allah Israil anu diandikakeun ka abdi-Na, Nabi Yunus bin Amitai ti Gat Heper.

²⁶ Katingali ku PANGERAN yen urang Israil kacida balangsakna turug-turug teu aya pisan anu nulungan.

²⁷ Ku Mantenna ditulungan ku jalan Raja Yarobam II, sabab ngahukumna lain pikeun salalawasna, lain supaya urang Israil tumpur sama sakali.

²⁸ Carita Raja Yarobam II salian ti eta, hal kagagahanana dina perang, jeung hal anjeunna mulangkeun Damsik jeung Hamat jadi deui bawahan nagara Israil, kaungel dina Kitab Babad Raja-raja Israil.

²⁹ Anjeunna pupus, dimakamkeun di makam karajaan di Samaria, sarta Jakarta putrana ngagentos jadi raja.

15¹ Usia putra Amasia jadina raja nagara Yarobam II ngarajaan nagara Israil,

²dina yuswa genep belas taun. Calikna di Yerusalem, ngarajaanana lima puluh dua taun. Jenengan ibuna Yekolya, urang Yerusalem.

³Lampah Usia pikamaheun PANGERAN cara ramana.

⁴Tapi tempat-tempat ibadah ka brahala ku anjeunna henteu digempur; jalma-jalma masih keneh ngalurban jeung ngarukus di tempat-tempat kitu.

⁵Usia ku PANGERAN dikeunaan kasawat lepra, nepi ka pupusna kasawatna henteu leungit. Ku sabab kitu anjeunna mencilkeun anjeun di bumi kagunganana, bebas tina kawajiban anu jadi raja. Urusan nagara dikawasakeun ka Yotam, putrana.

⁶Carita Usia salian ti eta kaungel dina Kitab Babad Raja-raja Yuda.

⁷Sanggeus pupus sarta dikurebkeun di makam karajaan di Kota Daud, Yotam putrana ngagentos jadi raja.

⁸Jakaria putra Raja Yarobam II mimiti jadina raja nagara Israil dina taun katilu puluh dalapan Usia ngarajaan nagara Yuda. Calikna di Samaria sarta ngarajaanana genep bulan.

⁹Lampahna cara raja-raja anu saheulaeunana, nirca ti PANGERAN, nurut kana lampah jahat Raja Yarobam bin Nebat anu nyered Israil kana dosa.

¹⁰Anjeunna ditelasan di Yiblam ku Salum bin Yabes, anu geus ngajak sakait ka nu sejen. Geus kitu Salum ngagentos anjeunna jadi raja.

¹¹Carita Raja Jakaria salian ti eta, kaungel dina Kitab Babad Raja-raja Israil.

¹²Pangandika PANGERAN ka Raja Yehu anu ungelna: "Anak incu maneh opat turunan bakal jaradi raja Israil" geus tinekanan.

¹³Salum bin Yabes mimiti jadina raja Israil meneran taun katilu puluh salapan Usia ngarajaan nagara Yuda. Calikna di Samaria, ngarajaanana ngan sabulan.

¹⁴Salum ditelasan ku Menahem bin Gadi urang Tirsa, anu ngahaja datang ka Samaria. Menahem ngaganti anjeunna jadi raja.

¹⁵Carita Raja Salum salian ti eta jeung hal sakongkolna, kaungel dina Kitab Babad Raja-raja Israil.

¹⁶Basa keur angkat ti Tirsa, Menahem nempuh heula nagara Tipsah dumeh eta nagara embungeun diajak biluk. Urang dinya jeung sakurilingna diparaahan, nu keur rareuneuh ge dibedelan beuteungna.

¹⁷Menahem bin Gadi mimiti jadina raja Israil meneran taun katilu puluh salapan Usia ngarajaan nagara Yuda. Calikna di Samaria, ngarajaanana sapuluh taun.

¹⁸Lampahna nirca ti PANGERAN, satutup umurna nuturkeun kanircaan Raja Yarobam bin Nebat anu nyered Israil kana dosa.

¹⁹Raja Tiglat Pileser ti nagara Asur ngarurug ka Israil. Menahem ngahaturanan perak 38.000 kilo, bari mundut dibantu supaya bisa tetep nyangking karajaan.

²⁰Menahem meunangna duit ti urang Israil anu baleunghar, unggal jelema kudu mayar

lima puluh uang perak. Sanggeus dibaktian duit, Raja Tiglat Pileser mulih ka nagarana.

²¹ Carita Menahem kaungel dina Kitab Babad Raja-raja Israil.

²² Menahem pupus, dimakamkeun di makam karuhunna, tuluy diganti ku Pekahia, putrana.

²³ Pekahia bin Menahem mimiti jadina raja Israil meneran taun kalima puluh Usia ngarajaan nagara Yuda. Calikna di Samaria, ngarajaanana dua taun.

²⁴ Lampahna nirca ti PANGERAN, nuturkeun kanircaan Raja Yarobam bin Nebat anu nyered Israil kana dosa.

²⁵ Pekahia ditelasan ku perwirana sorangan, Pekah bin Remalya anu dibantu ku lima puluh jelema urang Gilad. Ditelasanana di karaton Samaria di benteng jero. Ti dinya Pekah ngaganti jadi raja.

²⁶ Carita Pekahia lian ti eta aya dina Kitab Babad Raja-raja Israil.

²⁷ Pekah bin Remalya mimiti jadina raja Israil meneran taun kalima puluh dua Usia ngarajaan nagara Yuda. Calikna di Samaria, ngarajaanana dua puluh taun.

²⁸ Lampahna nirca ti PANGERAN, nuturkeun kanircaan Raja Yarobam bin Nebat anu nyered Israil kana dosa.

²⁹ Jaman Raja Pekah, kota-kota Iyon, Abel Bet Maaka, Yanoah, Kedes jeung Hasor katut wewengkon-wewengkon Gilad, Galilea jeung Naptali, direbut ku Tiglat Pileser raja

Asur, jalma-jalmana dibawa ka Asur jaradi boyongan.

³⁰Dina taun kadua puluh Yotam putra Usia ngarajaan nagara Yuda, Raja Pekah ditelasan ku Hosea bin Ela anu geus nyieun sakait. Ti dinya Hosea bin Ela ngaganti jadi raja.

³¹Carita Pekah salian ti eta kaungel dina Kitab Babad Raja-raja Israil.

³²Yotam putra Usia mimiti jadina raja nagara Yuda meneran taun kadua Pekah bin Remalya ngarajaan nagara Israil,

³³dina yuswa dua puluh lima taun. Calikna di Yerusalem, ngarajaanana genep belas taun. Jenengan ibuna Yerusa binti Sadok.

³⁴Lampah anjeunna pikamaheun PANGERAN cara Usia ramana.

³⁵Tapi anjeunna henteu numpurkeun tempat-tempat ibadah ka brahala; jalma-jalma masih keneh ngalurban jeung ngarukus di nu kitu. Gapura Bait Allah ku anjeunna ditambah hiji deui, disebutna Gapura Kaler.

³⁶Carita hal Yotam salian ti eta kaungel dina Kitab Babad Raja-raja Yuda.

³⁷Jaman Raja Yotam PANGERAN mimiti ngadatangkeun Raja Resin ti Siria jeung Raja Pekah ti Israil narajang ka nagara Yuda.

³⁸Sanggeus Yotam pupus sarta dikurebkeun di makam karajaan di Kota Daud, digentos ku Ahas, putrana.

16

¹Ahas putra Yotam mimiti jadi raja
Yuda meneran taun katujuh belas

Pekah bin Remalya ngarajaan di Israil,

²dina yuswa dua puluh taun. Calikna di
Yerusalem, ngarajaanana genep belas taun.
Lampahna teu hade, teu cara lampah Raja
Daud karuhunna, malah midamel anu henteu
kamanah ku PANGERAN Allahna,

³nuturkeun kanircaan raja-raja Israil. Malah
meuncit putrana, diduruk disuguhkeun ka
arca brahala, lampah anu pikagirukeun cara
kalakuan bangsa-bangsa anu ku PANGERAN
geus diusiran basa urang Israil mimiti rek
arasup ka eta tanah.

⁴Ahas ngurban jeung ngukusna teh
di tempat-tempat ibadah ka brahala, di
puncak-puncak pasir jeung di handapeun
tangkal-tangkal anu ngarunggunuk.

⁵Hiji mangsa Raja Resin ti Siria jeung
Raja Pekah ti Israil narajang jeung ngepung
Yerusalem, tapi Ahas henteu bisa dielehkeun.

⁶(Sabot kitu kota Elat direbut deui ku raja
Edom, urang Yuda di dinya dibuburak. Ti
harita saterusna Elat dicaricingan deui ku
urang Edom.)

⁷Ti dinya Ahas ngutusan ka Raja Tiglat
Pileser di Asur, badaratna, "Sim kuring
sumeja pasrah sadaya-daya ka Sang Raja,
seja nyuhunkeun pitulung sarehna keur
diperangan ku raja Siria sareng raja Israil."

⁸ Utusanana dibahanan perak jeung emas candak ti Bait Allah jeung ti kamar rajabrama karaton, baktikeuneun ka raja di ditu.

⁹ Pamundut Ahas ku Tiglat Pileser ditarima, bral eta raja jengkar nyandak balad ka Damsik. Damsik karebut, Raja Resin tiwas, rahayatna dicandak ka Kir jaradi boyongan.

¹⁰ Raja Ahas angkat ka Damsik seja nepangan Raja Tiglat Pileser. Di Damsik anjeunna ningali hiji altar tuluy diconto, contona dikirimkeun ka Imam Uria.

¹¹ Seug Uria nyieun altar ceples sakumaha contona. Memeh Ahas sumping geus anggeus.

¹² Sasumpingna ti Damsik tur altar geus anggeus,

¹³ Ahas tuluy peupeuncitan terus diduruk dina eta altar jeung kurban kadaharan, altarna dikucuran ku getih sato kurban jeung ku cianggur.

¹⁴ Ku sabab altar tambaga paranti ngurban ka PANGERAN ayana teh di antara altar anyar anu anjeunna jeung Bait Allah, eta altar ku Ahas dipindahkeun ka beulah kalereun altar anyar anu anjeunna.

¹⁵ Geus kitu anjeunna nimbalan ka Uria, "Kurban beuleuman isuk, kurban kadaharan sore, sakabeh kurban beuleuman jeung kurban kadaharan sore, sakabeh kurban beuleuman jeung kurban kadaharan ti raja jeung jalma rea, kitu deui sakabeh kurban inuman ti jalma rea, kudu dikurbankeunana

dina ieu altar kami anu gede. Sato-sato kurban getihna kucurkeun kana eta. Ari altar tambaga mah ngan pikeun kaperluan kami bae, pikeun menta pituduh ti para arwah."

¹⁶Sakumaha timbalan raja ku Uria dilampahkeun.

¹⁷Jeung deui Raja Ahas ngakatan bagian papadatian tambaga paragi Bait Allah tea, paso-pasona diangkat. Tatalagaanana ge diangkat tina dua belas sasapian tambaga anu mungguna, diteundeun dina dadampar batu.

¹⁸Jeung pikeun nyenangkeun panggalih raja Asur, hateup anu ngauban singgasana raja di jero Bait Allah ku Ahas dikakat, sarta lawang anu ngawungkul pikeun raja lebet ka Bait Allah ku anjeunna dibongkar.

¹⁹Carita Raja Ahas salian ti eta aya dina Kitab Babad Raja-raja Yuda.

²⁰Ahas pupus, dikurebkeun di makam karajaan di Kota Daud, tuluy diganti ku Hiskia putrana.

17¹Hosea putra Ela jadi raja Israil meneran taun kadua belas Raja Ahas nyangking nagara Yuda. Calikna di Samaria, ngarajaanana salapan taun.

²Lampahna nirca ti PANGERAN, ngan teu doraka teuing cara raja-raja Israil anu heulaeunana.

³Hiji mangsa diperangan ku Raja Salmaneser ti nagara Asur. Anjeunna taluk, saban taun mayar upeti.

⁴Tapi dina hiji taun mundut tulung ka Raja So ti Mesir, jeung teu mayar deui upeti ka Asur. Kauninga ku Salmaneser tuluy dihukum, dipanjara.

⁵Geus kitu Salmaneser raja Asur narajang Israil, ngepung Samaria. Sanggeus ngepungna nepi ka taun katilu,

⁶nya eta taun kasalapan pamarentahan Hosea, Salmaneser ngarebut Samaria. Urang Israil dibawa ka Asur jaradi boyongan. Ditempatkeunana aya nu di Halah, aya nu di Gosan sisi Walungan Habor, aya anu di wewengkon Media.

⁷Samaria nepi ka bisa karebut lantaran urang Israil doraka, nyungkir ti PANGERAN anu nginditkeun maranehna ti Mesir, ti raja di dinya, ngabarakti ka aallaham

⁸nurutan kabiasaan bangsa-bangsa anu ku PANGERAN geus disingkahkeun ti eta tanah basa urang Israil maju merangan maranehna. Urang Israil ngalakonan adat istiadat anu ditetepkeun ku raja-rajana.

⁹Urang Israil ngalampahkeun hal-hal anu henteu sapagodos jeung PANGERAN, Allahna. Di mana-mana, ti desa anu pangleutikna nepi ka kota anu panggedena, jalma-jalma teh nyarieun tempat paranti nyembah ka dewa.

¹⁰Di unggal puncak pasir, di unggal handapeun tangkal anu ngarunggunuk, nyarieun pilar-pilar pamujaan jeung arca-arca Dewi Asera,

¹¹ngarukus dina altar-alter brahala, nurutan kalakuan bangsa-bangsa anu ku PANGERAN geus disingkahkeun ti dinya. Kalakuanana matak pibendueun PANGERAN.

¹²Larangan PANGERAN yen teu meunang nyarembah ka arca-arca teh teu ditarurut.

¹³Boh urang Israil boh urang Yuda, ku PANGERAN geus dipepelinan ku jalan utusan-utusan jeung nabi-nabi, saur-Na, "Taringgalkeun kalakuan anu goreng, lampahkeun timbalan-timbalan Kami anu kaungel dina kitab Hukum anu ku Kami geus diturunkeun ka karuhun-karuhun maraneh, tur geus ditepikeun ka maraneh ku utusan-utusan jeung nabi-nabi Kami."

¹⁴Tapi teu narurut, barasangkal cara karuhun-karuhunna, teu ngarandel ka PANGERAN Allahna,

¹⁵arembung ngalakonan parentah Mantenna, arembung nekanan ikrar para karuhunna ka Mantenna. Sagala panggeuing teu aya anu didenge, angur ngabarakti ka arca-arca anu tanpa guna, anu ngalantarankeun maranehna sorangan jadi leungit pangaji, da narurutan adat kabiasaan bangsa-bangsa anu di sakurilingeunana.

Digeuing supaya ulah nurutan adat kabiasaan bangsa batur teh henteu ngagarugu.

¹⁶Papakon ti PANGERAN Allahna dipiceun, seug nyitak dua sasapian, disarembah, nyieun arca-arca Dewi Asera, maruja ka bentang-bentang, nyarembah ka Dewa Baal.

¹⁷Jeung sok mareuncit anak sorangan diduruk dikurbankeun ka aallahan umat brahala; sok marenta pituduh ka tukang-tukang torah jeung ka tukang-tukang sihir. Teges geus ngajarual maneh migawe kadorakaan, nyarieun kalakuan anu henteu dipisuka sarta pibendueun PANGERAN.

¹⁸Mana urang Israil teh ku Mantenna kacida dibenduanana, disingkirkeun ti payuneuna-Na, ngan kari kaom Yuda.

¹⁹Tapi kaom Yuda ge saruana, teu ngestokeun papakon-papakon PANGERAN Allahna, ngestona kana papakon beunang nyieun urang Israil.

²⁰Temahna sakabeh turunan Israil ku Mantenna dibalangsakkeun, diselehkeun ka musuh-musuhna anu barengis, panganggeusanana disingkirkeun pisan ti payuneuna-Na.

²¹Ti sanggeus Israil ku PANGERAN dipisahkeun ti Yuda sarta dirajaan ku Yarobam bin Nebat tea, ku eta raja dibawa nyimpang ti PANGERAN, sina marigawe dosa anu lain lumayan.

²² Urang Israil naluturkeun lacak Yarobam, teu eureun-eureun nurutan kalakuan Yarobam anu kacida gorengna.

²³ Tungtungna ku PANGERAN dijauhkeun ti payuneuna-Na. Sakumaha anu ku Mantenna geus diandikakeun ku jalan para utusan jeung para nabi, urang Israil dibaroyong ka Asur, nepi ka ayeuna.

²⁴ Ti dinya raja Asur ngadatangkeun jalma-jalma ti Babul, ti Kut, ti Iwa, ti Hamat, jeung ti Separwaim, sina ngareusian kota-kota di Samaria, gaganti urang Israil anu dibuang. Kota-kota di Samaria diandih dicaricingan.

²⁵ Basa anyaran ka dinya, maranehna loba anu tiwas ku singa anu didatangkeun ku PANGERAN, lantaran aribadahna lain ka Mantenna.

²⁶ Seug diunjukkeun ka raja Asur, yen jalma-jalma beunang anjeunna nempatkeun di Samaria rea nu tiwas ku singa anu didatangkeun ku batara eta nagara, dumeh teu nyarahoeun peta ngabakti ka eta batara.

²⁷ Raja Asur marentah, "Imam anu diboyong ti Samaria pulangkeun sina matuh deui di ditu, sina mapatahan aturan eta batara."

²⁸ Seug hiji imam bangsa Israil anu diboyong ti Samaria teh dipulangkeun deui, terus matuh di Betel, ngajar jelema-jelema tea hal aturan ibadah ka PANGERAN.

²⁹ Parandene kitu jalma-jalma teh angger bae nyarieun arca sesembahanana masing-

masing, ditareundeun di imah-imah brahala urut urang Israil. Unggal golongan di tempatna masing-masing nyarieun arca sesembahanana sorangan:

³⁰ Urang Babul nyarieun arca Dewa Sukot Benot; urang Kut nyarieun arca Nergal; urang Hamat nyarieun arca Asima;

³¹ urang Iwa nyarieun arca Nibhas jeung Tartak; urang Separwaim sok ngurbankeun anak-anakna dijieun kurban durukan pikeun Dewa Adramelek jeung Anamelek.

³² Tapi ka PANGERAN ge ngabarakti, malah ngarangkat jalma-jalma sambarangan jaradi imamna, purah mangurbankeun di tempat-tempat ibadah ka brahala.

³³ Jadi ngabaraktina teh ka PANGERAN ongkoh, ka dewana masing-masing ongkoh, nuluykeun kabiasaan ti nagara asalna masing-masing.

³⁴ Tepi ka ayeuna oge maranehna masih keneh ngukuhan tali parantina sorangan, aribadahna lain ka PANGERAN, sarta anu ditarurutna lain hukum-hukum anu ku PANGERAN diturunkeun ka anak incu Yakub anu disebut Israil tea.

³⁵ PANGERAN geus ngadamel perjangjian jeung maranehna sarta marentahkeun kieu, "Poma, maraneh ulah ibadah ka aallah, ulah sarujud jeung ngabarakti atawa ngurban ka anu karitu.

³⁶Kudu ngabarakti, kudu sarujud jeung ngalurban teh ka Kami, PANGERAN, anu ngajait maraneh ti Mesir make kakawasaan jeung mujijat.

³⁷Sagala hukum jeung timbalan-timbalan anu ku Kami geus ditulis pikeun maraneh, kudu dilampahkeun sapapanjangna. Poma, maraneh ulah nyarembah ka aallahana.

³⁸Jeung poma, sarat perjangjian Kami ku maraneh ulah dilalaworakeun.

³⁹Masing sumujud ka Kami, PANGERAN Allah maraneh. Lamun kitu, tangtu maraneh ku Kami diluputkeun ti sakabeh musuh."

⁴⁰Tapi eta jelema-jelema teh narorek, angger keneh bae marake tali parantina anu baheula bihari.

⁴¹Jadi eta bangsa-bangsa teh ngabarakti ka PANGERAN ongkoh, ka arca-arca ongkoh. Atuh turunan-turunanana nya kitu keneh deuih, nepi ka kiwari oge adatna teh kitu.

18¹Hiskia putra Ahas jadi raja nagara Yuda meneran taun katilu Hosea putra Ela jadi raja nagara Israil,

²dina yuswa dua puluh lima taun. Calikna di Yerusalem, ngarajaanana dua puluh salapan taun. Jenengan ibuna Abia binti Jakaria.

³Lampahna nulad Raja Daud karuhunna, pikamanaheun PANGERAN.

⁴Anjeunna ngabasmi tempat-tempat ibadah ka brahala, pilar-pilar pamujaan digempur, arca-arca Dewi Asera dicacag; Nehustan,

nya eta oorayan tambaga damelan Musa oge dibubukkeun da sok dikarukusan keneh ku urang Israil, diparuja.

⁵ Hiskia ibadahna ngan ka PANGERAN Allah Israil. Kakara harita urang Yuda boga raja anu saperti anjeunna, tur teu kungsi ngalaman boga deui.

⁶ Ka PANGERAN kacida ngestona, tara baha, tuhu kana sagala timbalan PANGERAN anu diandikakeun ka Musa.

⁷ Ku sabab kitu ku PANGERAN henteu kendat disarengan. Sagala damelna lulus tur mulus. Anjeunna teu kersa tunduk ka raja Asur.

⁸ Urang Pelisti dielehkeun, tempat-tempatna ti kampung pangleutikna nepi ka kota nu panggedena, kaasup Gasa jeung sakurilingeunana digempur.

⁹ Dina taun kaopat Hiskia ngarajaan, meneran taun katujuh Hosea ngaheuyeuk Israil, dayeh Samaria di Israil dikepung ku Salmaneser raja Asur.

¹⁰ Sanggeus dikepung tilu taun, meneran taun kagenep Hiskia ngaheuyeuk nagara Yuda, dina taun kasalapan Raja Hosea ngaheuyeuk nagara Israil, dayeh Samaria beunang ku musuh.

¹¹ Urang Israil diboyong ka Asur. Ditempatkeunana aya anu di Halah, aya anu di Gosan sisi Walungan Habor, aya anu di wewengkon Madayin.

¹² Samaria nepi ka beunang teh lantaran urang Israil baha ka PANGERAN Allahna, malungkir tina sarat perjangjian Mantenna ka maranehna, nyalingkir tina hukum-hukum anu ku PANGERAN diturunkeun ka Musa abdi-Na. Maranehna teu daraekeun ngadenge jeung teu daraek narurut.

¹³ Dina taun kaopat belas Raja Hiskia ngaheuyeuk nagara, kota-kota benteng di nagara Yuda ditarajang ku Sanherib raja Asur, jeung dibeunangkeun.

¹⁴ Hiskia ngintun utusan ka Sanherib di Lakis. Saurna, "Kaula tarima dosa. Mugi Sang Raja ulah kateterasan nempuh. Naon bae sapamundut sumeja disubadanan." Raja Asur ngawalerna teh mundut perak sapuluh rebu kilo jeung emas sarebu kilo.

¹⁵ Ku Hiskia ditumutkeun, perakna nyandak ti Bait Allah jeung ti kamar rajabrama karaton,

¹⁶ emasna meunang ngalaanan tina panto-panto Bait Allah jeung tina bangbarung-bangbarung panto beunang anjeunna ngalapis, tuluy dikintunkeun ka Sanherib.

¹⁷ Tapi raja Asur tuluy nginditkeun balad gede ti Lakis sina nempuh ka Hiskia di Yerusalem, dikapalaan ku tilu gegeden agung. Sanggeus narepi ka Yerusalem, eta balad ngarandeg di sisi jalan lebah pakampungan tukang ngaput, sisi solokan anu ngocorkeun cai ti empang girangeunana.

¹⁸ Gegedugna ceceluk ka Raja Hiskia. Jol tilu gegeden Hiskia nepungan, nya eta Elyakim bin Hilkia, kapala rumah tangga karaton, Sebna panitera karaton, jeung Yoah bin Asap, bendahara nagara.

¹⁹ Ngong hiji gegeden Asur ngomong, pokna raja Asur palay uninga Hiskia kagungan andelan naon.

²⁰ Carekna deui, "Marukan ari omongan teh bisa ngungkulan kaahlian jeung kakuatan tentara? Saha anu dipiandel, mana wani baha ka raja Asur teh?

²¹ Maraneh ngarep-ngarep pitulung Mesir anu teu beda ti iteuk regang haur, gampang potong, kecos kana leungeun sorangan. Kitu ibaratna ngaharep pitulung Mesir teh."

²² Eta gegeden Asur terus keneh ngomongna, "Atawa dumeh ngaharep pitulung PANGERAN, Allah maraneh tea? Kapan tempat-tempat pamujaanana oge geus tumpur ku Hiskia, da cenah urang Yuda jeung urang Yerusalem mah ngan kudu ngabakti make altar hiji bae anu di Yerusalem.

²³ Kalawan asmana raja kami, kami daek nawaran ka maraneh kuda dua rebu, dapon boga jelemana anu barisa tumpak.

²⁴ Ka perwira kami anu panghandapna ge maraneh teh hamo kuat. Make rek ngalawan pedah boga harepan bakal dikirim pasukan kareta jeung pasukan kuda ku Mesir!

²⁵ Marukan kami narajang ka nagara
maraneh teh teu dibantu ku PANGERAN?
Puguh anu nitah narajangna oge PANGERAN!"

²⁶ Elyakim, Sebna jeung Yoah ngawalon,
"Sasauranana sae ku basa Aram bae da
kaula ngartos. Ulah ku basa Ibrani, margi
kakupingeun ku itu jalmi-jalmi anu di luhur
kuta."

²⁷ Ari tembalna, "Dikira raja kami miwarang
ngomong teh ngan ka maraneh jeung ka
si raja? Kami ngomong teh ngahaja ka itu
ongkoh anu rajeg dina luhur kuta, anu bakal
ngahakan kokotorna jeung ngarinum cikiihna
sorangan, sakumaha kahayang maraneh!"

²⁸ Geus kitu eta gegeden teh ngagorowok
ku basa Ibrani, pokna, "Darengekeun ku
maraneh timbalan raja Asur anu agung!"

²⁹ Timbalanana, maraneh ulah kagelo
ku Hiskia, da eta teh moal bisaeun
nyalametkeun.

³⁰ Ulah beunang kabobodo magar kudu
muntang ka PANGERAN. Ulah boga panyana
bakal ditulungan ku PANGERAN. Ulah ngira
PANGERAN bakal megatan kami bangsa Asur
ngarebut nagara maraneh.

³¹ Geus ulah ngadarenge ka Hiskia. Timbalan
raja Asur maraneh mending barijil serah
bongkokan. Lamun kitu tanwande pibisaeun
keneh ngahakan buah anggur pelak sorangan,
buah kondang pelak sorangan, ngarinum tina
sumur sorangan,

³²nepi ka engke ku raja Asur dipernahkeun di hiji tanah anu sarua alusna jeung anu ieu, sagala aya. Hayang anggur, kebon anggur aya, hayang nyaratu roti, kebon gandum aya, hayang minyak jetun saluluar kebon jetun wungkul, turug-turug loba madu. Lamun harayang hirup kudu narurut, bisi dipaehan! Tong daraek dibobodo ku Hiskia majar bakal dijait ku PANGERAN.

³³Cik, dewa bangsa mana anu geus bisaeun ngaluputkeun nagarana ti raja Asur?

³⁴Mana ayeuna dewa-dewa nagri Hamat, nagri Arpad, nagri Separwaim, nagri Hena, nagri Iwa? Ti eta dewa-dewa cik mana anu geus bisaeun ngabelaan Samaria?

³⁵Iraha aya dewa salah sahiji nagara anu bisaeun nyalametkeun nagarana ti raja kami? Na kumaha ari maraneh, make boga pikiran yen PANGERAN tangtu bisaeun nyalametkeun Yerusalem?"

³⁶Jalma-jalma dina luhur kuta mani jempling taya anu kecet-kecet, sabab ku Raja Hiskia geus ditimbalan ulah ngajawab.

³⁷Elyakim, Sebna jeung Yoah nepi ka nyosoeh pakeeanana bawaning ku ngenes, tuluy marek deui ka Raja Hiskia, ngunjukkeun ucapan-ucapan eta gegeden Asur.

19¹Tutas anu unjukan, Hiskia nyosoeh anggoanana tuluy gentos ku anggoan tina karung, ti dinya angkat ka Bait Allah.

²Ti dinya nimbalan ka Elyakim kapala urusan karaton, Sebna panitera karaton, jeung ka sawatara imam anu sarepuh, dipiwarang nepangan Nabi Yesaya putra Amos. Aranjeunna oge ditaraju tina karung.

³Kieu timbalan anu ku aranjeunna kudu dihaturkeun ka Yesaya teh: "Dinten ieu urang teh nuju tunggara nandang siksaan sareng kahinaan, ibarat wanita bade ngajuru teu tiasa brol margi seep tanaga.

⁴Nembe teh aya gegeden luhur utusan raja Asur, ngahina ka Allah anu jumeneng. Mugi-mugi sing kadangu ku PANGERAN Allah Ajengan, eta jalmi masing kasiksa. Mugi bangsa urang anu ayeuna araya ku Ajengan dipangnedakeun."

⁵Kasauran Raja Hiskia anu dihaturkeun ku utusan,

⁶ku Yesaya diwaler kieu: "Timbalan PANGERAN, Sang Raja teu kedah rempan ku ancaman urang Asur anu nyebatkeun PANGERAN moal iasa mitulung.

⁷Eta raja ku PANGERAN bakal digeumpeurkeun sina mulang rurusuhan ka nagarana, di ditu bakal aya nu maehan."

⁸Perwira Asur tea meunang beja yen rajana geus ninggalkeun Lakis, sabab keur nempuh ka nagara Libna anu teu pati jauh ti dinya, tuluy disusul.

⁹Datang beja ka urang Asur yen balad Mesir ngadatangan rek ngarurug ka maranehna,

dikapalaan ku Raja Tirhaka ti Sudan.

Satampana eta beja raja Asur nyuratan ka Hiskia raja Yuda,

¹⁰ungelna, "Ulah kabobodo ku omongan dewa anu dipuhit ku maneh, anu ngabejaan yen maneh moal beunang ku kami, ulah dipercaya.

¹¹Maneh geus ngadenge beja kumaha kagagahan raja-raja Asur lamun geus ngagempur nagri batur. Dikira maneh bakal luput ti kami?

¹²Nagri-nagri Gosan, Haran jeung Resep geus tumpur ku karuhun-karuhun kami. Urang Bet Eden di Telasar geus tumpes, dewa-dewana teu barisaeun naon-naon.

¹³Cik mana ayeuna raja-raja nagri Hamat, nagri Arpad, nagri Separwaim, nagri Hena jeung nagri Iwa?"

¹⁴Sanggeus suratna ku Hiskia diaos, ku anjeunna dicandak ka Bait Allah, seug ditembrakkeun payuneun PANGERAN.

¹⁵Hiskia sasambat, "Nun PANGERAN Allah Israil anu ngalinggihan tahta dina mukarabin! Taya deui Allah mung Gusti, anu ngasta karajaan-karajaan di sajagat, anu ngadamel bumi sareng langit.

¹⁶Nun PANGERAN, tingali ieu katunggaraan abdi sadaya. Dangukeun Sanherib anu sakitu kumalungkungna ka Gusti, Allah anu jumeneng.

¹⁷ Abdi sadaya terang, leres eta raja Asur teh parantos ngagempur bangsa-bangsa sakitu seueurna, tanah-tanahna dugi ka saruwung,

¹⁸ dewa-dewana didurukan, margi eta dewa-dewa teh sanes Allah, nanging kayu sareng batu buatan jalmi.

¹⁹ Nun Gusti PANGERAN, lputkeun abdi sadaya ti urang Asur, supados sadaya bangsa tarerang yen teu aya deui Allah mung Gusti."

²⁰ Yesaya ngintun pesen ka Hiskia, saurna panyambat Hiskia ku PANGERAN geus diwaler.

²¹ Timbalan PANGERAN, "Eh Sanherib, saenyana mah maneh ku Yerusalem teh diseungseurikeun, dispirakeun!

²² Karah saha anu ku maneh dihinakeun teh? Sakitu campelakna maneh ka Kami anu suci Allah Israil.

²³ Maneh ka Kami ngirim utusan sina kongkorongok, pedah maneh boga pasukan kareta anu geus bisa ngagempur gunung-gunung pangluhurna di Libanon, nuaran tangkal kiputri anu pangjarangkungna, tangkal kijamuju anu pangaralusna. Muji maneh geus bisa nembus leuweung anu pangjerona,

²⁴ geus bisa nyieunan sumur di tanah batur jeung geus nginum cai tanah batur, agul pedah boga balad geus bisa ngidek-ngidek Walungan Nil nepi ka saat.

²⁵ Na teu nyaho yen bisa kitu soteh memang ku Kami geus diatur ti baheula yen bakal

kitu? Ayeuna enya bukti, Kami keneh anu ngersakeun. Maneh mah ku Kami ngan dikawasakeun, supaya ngubrak-ngabrik kota-kota benteng sina alambrug,

²⁶jalma-jalmana disina kapupul bayu leungit tanaga, leumpeuh kawas jukut di tegal atawa dina suhunan anu kasebrot ku angin panas ti wetan.

²⁷Tur saban maneh indit, ka mana ge Kami uninga. Ana maneh nyieun gawe, unggal-unggal ge Kami uninga, kitu deui ana maneh ijid ka Kami.

²⁸Kami uninga maneh teh ambek ka Kami tur sakitu sompralna. Ku sabab kitu cacapek maneh rek dipasangan kadali, maneh rek dibenyeng sangkan malik ka urut maneh datang."

²⁹Kieu deui saur Yesaya ka Hiskia, "Anu bakal pijadieun teh kieu alamatna: Taun ieu sareng taun payun tedaun teh mung gandum anu jaradi sorangan, taun payunna deui nembe bakal tebar deui sareng bakal kapibuatan, tiasa deui melak anggur sareng bakal kaala.

³⁰Anak incu Yuda anu rahayu sakarina, bakal mucukil hirupna, ka handap akarna kuat, ka luhur buahna rantuy.

³¹Di Yerusalem bakal aya keneh pangeusi anu kari, di Gunung Sion bakal aya keneh jalma anu nyesa. Kitu katangtosan ti PANGERAN.

³²Dipi raja Asur mah kieu timbalan PANGERAN, Hamo bisa asup ka ieu nagara. Jamparingna hiji ge mo aya nu mesat, serdaduna nu marake kepeng teh hiji ge mo aya anu deukeut-deukeut acan, hamo aya anu nyieun huhunyuran pikeun ningker ieu nagara.

³³Eta raja bakal mulang ka urutna datang, mo hasil niatna ngajabel ieu nagara. Kitu timbalan Kami, PANGERAN.

³⁴Ieu nagara ku Kami tanwande diraksa, pikeun miara kamulyaan Kami jeung ku sabab Kami geus jangji ka abdi Kami Daud."

³⁵Ari geus kitu dina peutingna, malaikat PANGERAN sumping ka pasanggrahan urang Asur, tuluy niwaskeun 185.000 serdadu. Ari bray isuk-isuk mayitna patulayah.

³⁶Raja Asur buru-buru mulang ka nagarana, tuluy calik di Ninewe.

³⁷Dina hiji poe waktu anjeunna keur sembahyang di imah pamujaan ka Dewa Nisrok sesembahanana, anjeunna dipaehan ku pedang ku Adramelek jeung Sareser, dua putrana, anu terus kalabur ka tanah Ararat. Tuluy Esar Hadon putrana ngaganti jadi raja.

20¹Dina mangsa eta Hiskia teu damang, samar kana damang deui. Jol Nabi Yesaya sumping nepangan, ti dinya misaur, "Timbalan PANGERAN, Sang Raja geura wewekas, margi moal damang deui."

²Hiskia malik ebogna mayun kana tembok tuluy sasambat,

³"Nun PANGERAN, masing emut yen abdi ngawula ka Gusti teh kalayan satia satuhu, naon sapangersa Gusti salamina ku abdi dilakonan sakiat-kiat," saurna bari nangis sesegruk.

⁴Geus kitu raja ku Yesaya dikantun. Tapi memeh Yesaya kaluar ti palataran tengah karaton, ku PANGERAN dipiwarang

⁵nepangan deui ka Hiskia, raja umat PANGERAN, dipiwarang nepikeun dawuhana-Na ka anjeunna, kieu, "Kami, PANGERAN, Allahna Daud karuhun maneh, geus kagugah ku panyambat jeung cipanon maneh. Heug maneh ku Kami rek dicageurkeun, tilu poe deui oge maneh geus bisa deui leumpang ka Bait Allah.

⁶Umur maneh ku Kami ditambah lima belas taun deui. Tur maneh jeung ieu nagara Yerusalem rek diluputkeun ti raja Asur. Ieu nagara ku Kami rek diraksa, pikeun miara kamulyaan Kami jeung ku sabab Kami geus jangji ka abdi Kami Daud."

⁷Ti dinya Yesaya ngawartoskeun ka ponggawa yen sang raja bareuhna kudu dipopokan ku buah kondang, tangtu damang.

⁸"Naon kangge tawisna yen leres PANGERAN bade nyageurkeun deui teh sareng tilu dinten deui kaula bakal tiasa deui ka Bait Allah?" saur Raja Hiskia ka Yesaya.

⁹Saur Yesaya, "Tawisna ti PANGERAN yen Mantenna leres-leres bakal ngabuktoskeun pangandika-Na, nya eta kalangkang tangga. Kahoyong Sang Raja kumaha, naha kalangkangna teh sina majeng atanapi sina mundur sapuluh gurat?"

¹⁰Saur Hiskia, "Sina majeng mah gampil. Jadi sina mundur sapuluh gurat."

¹¹Yesaya neneda ka PANGERAN, seug kalangkang tangga anu geus maju dina kalang buatan Raja Ahas tea mundur deui sapuluh gurat.

¹²Meh bareng jeung eta kajadian, aya utusan Raja Merodak Baladan anak Baladan ti Babul, mawa surat jeung kikintunan dumeh raja Babul ngadangu yen Hiskia tas teu damang.

¹³Eta utusan-utusan ku Hiskia ditampi, malah dicandak ningalian rajabranana, emas, perak, seuseungitan jeung minyak seungit kitu deui pakarang-pakarang kamilateran. Cindekna saniskara anu aya di gudang rajabranan jeung nu aya di sakuliah karajaanana dipintonkeun, teu aya anu teu ditembongkeun.

¹⁴Sumping Nabi Yesaya ka Raja Hiskia sarta mariksa, "Eta jalmi-jalmi ti mana, sareng naon sanggemna ka Sang Raja?" Saur Hiskia, "Jalmi-jalmi ti nu tebih, ti Babul."

¹⁵Yesaya naros deui, "Naringalan naon di karaton?" Saur Hiskia, "Naringalan

saniskanten bae. Sakur nu aya di gudang rajabrama ku kaula ditembongkeun."

¹⁶Saur Yesaya ka raja, "Timbalan PANGERAN Nu Maha Kawasa,

¹⁷engke dina hiji waktos, naon bae anu aya di ieu karaton, sagala rupi anu kenging ngempelkeun karuhun Sang Raja dongkap ka dinten ieu, sadayana bakal diakut ka Babul, moal aya anu dikarikeun.

¹⁸Putra-putra Sang Raja, putra-putra teges, bakal aya anu diboyong ka ditu sareng dikabiri, sina kumawula di karaton raja Babul."

¹⁹Kahartoseun ku Raja Hiskia yen anjeunna mah sapanjang jumeneng keneh bakal tetep aman santosa. Ku sabab eta anjeunna ngawaler, "Eta pangandika PANGERAN anu dikedalkeun ku Ajengan ka kaula nawiskeun kasaean Mantenna."

²⁰Carita Raja Hiskia salian ti eta, hal kapahlawananana, hal anjeunna ngadamel bendungan jeung ngadamel torowongan cai pikeun kaperluan nagara, kaungel dina Kitab Babad Raja-raja Yuda.

²¹Sanggeus Hiskia pupus, putrana anu jenengan Menase ngagentos jadi raja.

21 ¹Menase mimiti jadi raja nagara Yuda dina yuswa dua belas taun, calikna di Yerusalem, ngarajaanana lima puluh lima taun. Jenengan ibuna Hepsiba.

²Lampahna nirca ti PANGERAN, pikagirukeun kawas kalakuan bangsa-bangsa anu ku PANGERAN geus disingkahkeun ti eta tanah basa urang Israil rek mimiti arasup ka dinya.

³Anjeunna ngadegkeun deui tempat-tempat paranti sembahyang ka brahala anu geus ditumpurkeun ku Hiskia ramana, ngadegkeun deui altar-altar paranti ngurban ka Baal, jeung ngadamel hiji arca Dewi Asera, saperti lampah Raja Ahab bareto di nagara Israil. Menase oge muja ka bentang-bentang.

⁴Malah Bait Allah, anu ku PANGERAN ditimballeun kudu dijieun tempat paragi ngabakti ka Mantenna, ku Menase dianggo tempat altar-altar paranti ka brahala.

⁵Jeung ngadamel altar-altar paranti muja ka bentang-bentang, ditempatkeunana di dua palataran Bait Allah.

⁶Geus kitu anjeunna ngurbankeun putra pamegetna, dijieun kurban durukan. Seug deui ngajalankeun elmu petangan, elmu sihir, jeung sok menta pituduh ka tukang-tukang manggil arwah. Lampah anjeunna anu pohara dorakana ka PANGERAN teh matak ngentab kana manah-Na.

⁷Arca Dewi Asera dipernahkeun di jero Bait Allah! Padahal eta tempat teh ku PANGERAN geus diamanatkeun ka Daud jeung Suleman putrana, kieu, "Ieu Bait Allah anu aya di Yerusalem ku Kami geus dipilih ti antara dua

belas wilayah warga Israil pikeun jadi tempat paranti ngabakti ka Kami.

⁸Upama bangsa Israil taat kana sakabeh timbalan Kami sarta ngalampahkeun sakabeh Hukum anu dipaparinkeun ka Musa abdi Kami tea, tanwande maranehna moal nepi ka diantep sina diusir ti tanahna anu ku Kami geus dipasrahkeun ka karuhunna."

⁹Tapi urang Yuda teu taat ka PANGERAN, malah Menase mah anggur ngaluluguan kana lampah anu matak sasab, anu leuwih jahat ti batan kalakuan bangsa-bangsa anu samemehna geus diusir ku PANGERAN basa urang Israil rek mimiti arasup ka dinya.

¹⁰Ti dinya PANGERAN nimbalan ku perantaraan abdi-abdi-Na para nabi,

¹¹"Menase raja Yuda teh geus nyieun kadorakaan anu pohara gedena sarta kajahatanana leuwih ti batan kajahatan urang Kanaan; ku sabab manehna nyembah brahala, urang Yuda oge kabawa doraka.

¹²Eta sababna Kami rek ngadatangkeun siksaan anu pohara ka Yerusalem jeung Yuda nepi ka matak ngarenjag anu ngadenge bejana.

¹³Yerusalem ku Kami baris dihukum, saperti Kami ngahukum Samaria jeung Ahab raja Israil jeung turunanana. Yerusalem ku Kami rek disapu jelemana, sina beresih kawas piring beunang nyeka tuluy ditangkubkeun.

¹⁴ Nu harirup keneh rek diantep, sina diboyong ku musuh-musuhna anu bakal nalukkeun jeung ngaranjah nagarana.

¹⁵ Eta teh lantaran eta umat geus doraka ka Kami, nepi ka amarah Kami ngagolak ti mimiti karuhun maranehna budal ti Mesir nepi ka kiwari."

¹⁶ Loba pisan jelema anu teu salah ku Menase dipaehan, nepi ka jalan-jalan di Yerusalem banjir getih. Kajaba ti kitu anjeunna ngaluluguan bangsa Yuda sina nyarembah brahala, doraka ka PANGERAN.

¹⁷ Sagala kalakuan Menase jeung kadorakaanana anu geus kasebut tadi, aya dina Kitab Babad Raja-raja Yuda.

¹⁸ Menase pupus, dikurebkeun di makam di taman karatonna, anu katelah Taman Usa. Anjeunna digentos ku Amon, putrana.

¹⁹ Dina yuswa dua puluh dua taun Amon jadi raja Yuda. Marentahna di Yerusalem, dua taun. Ibuna nya eta Mesulemet binti Harus urang Yotbah.

²⁰ Amon oge doraka ka PANGERAN cara Menase ramana,

²¹ talajak ramana ditiru, ngabakti ka brahala cara kalakuan ramana.

²² Anjeunna oge wangkelang ka PANGERAN, Allah karuhunna sarta henteu tumut kana sagala timbalan Mantenna.

²³ Para mantri Raja Amon tuluy sakait rek ngahianat ka anjeunna. Ti dinya Raja Amon ku maranehna ditelasan di karatonna.

²⁴ Anu maraehan anjeunna ku urang Yuda tuluy diparaehan, sarta urang Yuda ngajenengkeun Yosia putrana jadi raja.

²⁵ Sakur kalakuan Amon katut anu salian ti eta kacatet dina Kitab Babad Raja-raja Yuda.

²⁶ Amon dikurebkeun di makam Taman Usa. Anjeunna digentos ku Yosia, putrana.

22 ¹ Waktu Yosia jadi raja Yuda, yuswana dalapan taun. Calikna di Yerusalem, marentahna tilu puluh hiji taun. Ibuna nya eta Yedida binti Adaya, asal ti Boskat.

² Lampah Yosia pikamaheun PANGERAN, nulad lampah Raja Daud karuhunna, kacida saregepna kana pikukuh-pikukuh ti Allah.

³ Dina taun kadalapan belas pamarentahanana, Raja Yosia nimbalan ka Sapan bin Asalya incu Mesulam, panitera karaton, dipiwarang ka Bait Allah. Timbalanana,

⁴ "Saurkeun ka Imam Agung Hilkia, duit anu katarima ti jalma rea, anu dikumpulkeun ku imam-imam anu jaraga lawang Bait Allah teh bereskeun.

⁵ Bejakeun yen eta duit kudu diserenkeun ka jelema-jelema anu ngamandoran pagawean ngomean Bait Allah, sina dipake mayar

⁶tukang kayu, tukang ngadegkeun, tukang batu, pikeun meuli kayu jeung batu kaperluan ngomean.

⁷Duit anu dikaluarkeun ku nu digarawe teu kudu dipenta balitunganana, sabab anu digarawena kabeh jelema jujur."

⁸Timbalan raja anu ditepikeun ku Sapan, ku Hilkia dijalankeun. Geus kitu Hilkia nyaurkeun yen mendak kitab Hukum-hukum PANGERAN di Bait Allah. Kitabna diasongkeun ka Sapan. Ku Sapan dibaca di dinya.

⁹Ti dinya Sapan marek ka raja sarta miunjuk, "Artos anu dikempelkeun di Bait Allah parantos dikaluarkeun, diserenkeun ka anu ngarawaskeun padamelan ngomean Bait Allah."

¹⁰Piunjukna deui, "Sareng ieu abdi ngabantun ieu kitab ti Hilkia." Seug kitabna dibacakeun ku Sapan ka raja.

¹¹Anggeus eta kitab dibaca, raja nyosoeh anggoanana, reuwas jeung ngaraos hariwang.

¹²Geuwat marentah ka Imam Hilkia, Ahikam bin Sapan, Akbor bin Mikaya, Sapan sekretaris nagara, jeung ka Asaya, pangaping raja. Saurna,

¹³"Kami jeung sakumna bangsa Yuda pangnaroskeun ka PANGERAN perkara ungel ieu kitab. PANGERAN geus tangtu bendu ka urang, lantaran kamistian-kamistian urang anu kaungel dina ieu kitab ku urang teu dilakonan."

¹⁴Ti dinya Hilkia, Ahikam, Akbor, Sapan jeung Asaya arangkat ka bumi Hulda, hiji nabi istri di Yerusalem, di hiji kampung anyar. (Caroge eta nabi istri nya eta Salum bin Tikwa putu Harhas, pagawe purah ngurus jubah-jubah Bait Allah.) Sanggeus aranjeunna nerangkeun pamaksudan,

¹⁵ku eta nabi istri dipiwarang marulih,

¹⁶ngemban waleran ti PANGERAN ka raja, kieu, "Yerusalem jeung sapangeusina tangtu ku Kami dihukum saluyu jeung anu kaungel dina eta kitab anu dibaca ku raja,

¹⁷sabab geus malungkir ti Kami, ngalurban ka aallah-an-aallah. Kalakuanana geus ngahurungkeun amarah Kami mani ngagedur, moal bisa pareum, bakal ngalentab ka Yerusalem.

¹⁸Ari hal raja, bejakeun ieu pangandika Kami, GUSTI Allah Israil: Maneh nurut kana ungel eta kitab.

¹⁹Jeung sanggeus nyaho yen Yerusalem sapangeusina ku Kami bakal dijieun tempat anu matak kukurayeun sarta ngaranna bakal dijieun paranti sasapaan, maneh terus tobat, ngarendahkeun diri di payuneun Kami nepi ka nyosoeh pakean. Ku sabab kitu Kami kasuat ku panyambat maneh.

²⁰Eta kacilakaan anu bakal tumiba ka Yerusalem teh moal waka kajadian sapanjang jaman maneh keneh mah. Lamun geus nepi kana waktuna, maneh mah maot teh bakal

maot biasa sarta kalawan senang." Sanggeus kitu utusan-utusan raja teh marulang, ngunjukkeun hal eta ka Raja Yosia.

23¹Raja Yosia nyaur sakabeh pamingpin urang Yuda jeung Yerusalem.

²Ti dinya kabeh muru ka Bait Allah, bareng jeung para imam, nabi-nabi, jalma rea, nu baleunghar, nu mariskin. Ti dinya raja ngaos ungel perjangjian tina kitab anu kapanggih ti Bait Allah tea nepi ka tamat, dibandungan ku sarerea.

³Anggeus ngaos, raja ngadeg deukeut tihang parantina ngadeg, tuluy ikrar ka PANGERAN yen kalawan iklas sumeja anut ka Mantenna, seja nohonan sugri timbalan jeung pikukuh Mantenna, ngalakonan perjangjian anu kaungel dina eta buku. Jalma rea oge kabeh ikrar seja nohonan eta perjangjian.

⁴Geus kitu kalawan timbalan raja, sakur parabot paragi nyembah ka Baal, ka Dewi Asera jeung ka bentang-bentang, dikaluar-luarkeun ti Bait Allah ku Imam Agung Hilkia, ku imam-imam bawahan jeung ku imam-imam anu jaraga lawang Bait Allah; ku raja dipiwarang diduruk di Lebak Kidron, lebuna dipiceun ka Betel.

⁵Ti dinya raja mecat imam-imam altar brahala purah ngurban ka Baal, ka panonpoe, ka bulan, ka planit, jeung ka bentang-bentang, nya eta para imam anu diangkat ku raja-raja Yuda anu ti hareula, anu

ditempatkeun di sakuliah tanah Yuda jeung di deukeut-deukeut Yerusalem.

⁶ Arca Dewi Asera dikaluarkeun ti Bait Allah tuluy diduruk di Lebak Kidron luareun kota, lebuna dibebek nepi ka lembut tuluy dipiceun diawur-awur ka pakuburan umum.

⁷ Kobong-kobong di Bait Allah anu dicaricingan ku awewe-awewe palacuran kuil (anu pagaweanana sapopoe ninun lawon jubah paranti ngabakti ka Dewi Asera) dibongkar.

⁸ Imam-imam anu nyabar di kota-kota Yuda jeung di sakuliah nagara, ku raja disina kumpul di Yerusalem, altar-altar pangurbananana kabeh diharamkeun. Altar-altar paranti nyuguh ka dewa-dewa di deukeut gapura anu dijieun ku Yosua, wali kota eta nagri, kencaeun anu ngalaliwat ka gapura utama, diruntuh-runtuhkeun.

⁹ Eta imam-imam teu meunang ngimaman di Bait Allah, ngan meunang keneh bagian roti anu teu diragian cara imam-imam sejen.

¹⁰ Topet oge, tempat nyembah dewa di Lebak Hinom ku Raja Yosia dinajiskeun, supaya ulah aya deui anu ngaduruk anakna nu lalaki atawa nu awewe dijieun kurban beuleuman ka Dewa Molek.

¹¹ Kuda jeung kareta di latar-latar Bait Allah deukeut gapura jeung teu jauh ti tempat Natan Melek mantri agung, anu ku raja-raja Yuda nu ti hareula diajangkeun

pikeun tutumpakan dewa srangenge, ku Raja Yosia dieuweuhkeun, kudana dipindahkeun, kareta-karetana diduruk.

¹²Altar-altar dina hateup karaton luhureun kamar-kamar Raja Ahas bareto, buatan raja-raja Yuda anu ti hareula, jeung altar-altar di dua latar Bait Allah buatan Raja Menase, ku Raja Yosia diancur-ancurkeun tuluy dipiceun ka Lebak Kidron.

¹³Altar-altar buatan Raja Suleman paranti ngurban ka Dewi Astoret sesembahan urang Sidon, ka Dewa Kamos sesembahan urang Moab, jeung ka Dewa Molek sesembahan urang Amon, kabeh brahala pikagirukeun wungkul, anu ayana di wetaneun Yerusalem kiduleun Gunung Jetun, ku Raja Yosia dinajiskeun.

¹⁴Tugu-tugu dewa jeung arca-arca Dewi Asera dirubuh-rubuhkeun, tempat urut nangtungna eta tugu-tugu jeung arca-arca ku Yosia dibugbrugan ku tulang-taleng jelema.

¹⁵Tempat ibadah ka dewa di Betel anu diadegkeun ku Raja Yarobam bin Nebat anu mawa Israil kana dosa, eta oge dirubuhkeun, altar-altarna diguling-gulingkeun, batuna dipekprekan, dibebek nepi ka lembut, arca Dewi Asera diduruk.

¹⁶Anggeus eta Raja Yosia rarat-reret ka lebah lamping, beh ningali aya astana-astana, seug marentah supaya tulang-taleng ti eta astana-astana dikeduk, tuluy diduruk dina

altar, tanda yen eta altar diharamkeun, tinekanan sakumaha piwejang nabi baheula jaman Raja Yarobam, basa eta raja ngaresmikeun eta altar. Raja Yosia rarat-reret deui, beh ningali astana nabi anu ngawejangkeun perkara eta,

¹⁷ seug mariksa, "Itu astana saha?" Ceuk urang Betel, "Sumuhun pajaratn nabi anu sumping ti Yuda, anu ngawejangkeun perkawis anu ayeuna nuju dipidamel ku Gustika ieu tempat ngurban."

¹⁸ Saur Yosia, "Eta makam ulah dikieu-kieu. Tulang-talengna antep tong dipindahkeun." Jadi tulang-taleng eta nabi mah, kitu deui tulang-taleng nabi-nabi anu ti Samaria henteu diganggu.

¹⁹ Tempat-tempat ibadah ka brahala di saban kota Israil beunang ngadegkeun raja-raja Israil anu ngajaheutan manah PANGERAN tea, ku Raja Yosia dirugrug-rugrugkeun, altar-altarna diharamkeun cara ngaharamkeun altar anu di Betel tea.

²⁰ Imamna kabeh dipeuncitan dina altar-alta paragi maranehna ngurban, tulang-talengna diduruk di dinya. Geus kitu Yosia mulih deui ka Yerusalem.

²¹ Raja Yosia marentahkeun supaya jalma-jalma kabeh nekanan deui Paska pikeun ngamulyakeun PANGERAN Allahna, nurutkeun kamistian anu kaungel dina Kitab Perjangjian jeung PANGERAN tea.

²²Ti jaman eta bangsa diparentah ku para hakim, tacan aya raja Israil atawa raja Yuda anu ngayakeun Paska cara kitu.

²³Kakara harita, jaman Yosia ngarajaan dina taun kadalapan belasna, di Yerusalem aya deui Paska.

²⁴Jeung supaya hukum-hukum anu kaungel dina kitab anu ku Imam Agung Hilkia kapanggih di Bait Allah tea bisa digumatikeun, jalma-jalma tukang manggil arwah jeung tukang-tukang torah ku Raja Yosia diusiran ti Yerusalem jeung ti sakuliah Yuda, geus kitu anjeunna miceunan sakabeh dewa rumah tangga, arca-arca, jeung barang-barang paranti nyembah ka dewa-dewa.

²⁵Kakara harita aya raja anu sakitu suhudna ka PANGERAN, ngabdi sabudi pangarti, ngawula kalawan iklas, sakuat-kuat nekanan Hukum Musa. Tur sanggeus anjeunna teu aya deui raja anu saperti kitu.

²⁶Parandene kitu ngagolakna bendu PANGERAN ka Yuda ku karana kadorakaan Raja Menase bareto nepi ka nyundut manah Mantenna, henteu lemper.

²⁷Mana PANGERAN lajeng nimbalan, "Najan Yuda ge rek disingkirkeun ti payuneun Kami cara nyingkirkeun Israil. Kitu deui Yerusalem jeung ieu Bait Kami, najan ku Kami geus dipilih jeung dipeting dijadikeun tempat paranti ngabakti ka Kami, mo burung dipiceun!"

²⁸Carita Raja Yosia salian ti eta kaungel dina Kitab Babad Raja-raja Yuda.

²⁹Pupusna lantaran kasambut perang di Megido, waktu megat Piraon Neko sabalandna ti Mesir anu keur maju ka Walungan Eprat rek ngabantu perang ka raja Asur.

³⁰Layonna diangkat kana kareta, ku mantri-mantrina dibawa ka Yerusalem, dimakamkeun di makam karajaan. Sanggeus anjeunna pupus, urang Yuda ngangkat Yoahas putrana jadi raja.

³¹Yoahas jadina raja Yuda dina yuswa dua puluh tilu taun, calikna di Yerusalem, ngarajaanana tilu bulan. Ibuna nya eta Hamutal binti Yermia ti Libna.

³²Lampahna nirca ti PANGERAN nurutan lampah karuhun-karuhunna.

³³Marentahna kandeg kaburu ditangkep ku Piraon Neko ti Mesir, dipanjara di Ribla di tanah Hamat, tur nagara Yuda didengda kudu mayar ku perak 3.400 kilo jeung emas tilu puluh opat kilo.

³⁴Piraon Neko tuluy ngangkat Elyakim putra Yosia keneh, jadi raja Yuda ngaganti Raja Yosia, sarta jenenganana dilandi jadi Yoyakim. Ari Yoahas ku Piraon Neko terus diboyong ka Mesir nepi ka pupusna di ditu.

³⁵Raja Yoyakim narik pajeg ti rahayat, gedena nurutkeun kakayaan masing-masing, pikeun naekkeun jumlah upeti anu dipundut ku raja Mesir.

³⁶ Yoyakim mimiti jadi raja Yuda dina yuswa dua puluh lima taun, calikna di Yerusalem, marentahna sabelas taun. Ari ibuna nya eta Sebuda binti Pedaya ti Ruma.

³⁷ Lampahna nirca ti PANGERAN, nulad kalakuan karuhunna.

24 ¹Sanggeus Yoyakim jadi raja, nagara Yuda ditempuh ku Raja Nebukadnesar ti Babul. Yoyakim taluk terus ngawula meunang tilu taun tuluy mungkir, baha ka Nebukadnesar.

²PANGERAN ka Yoyakim ngadatangkeun gorombolan-gorombolan urang Babul, urang Siria, urang Moab, jeung Amon, marawa pakarang sina ngagempur Yuda, sakumaha timbalana-Na anu diandikakeun ka para nabi, abdi-abdi-Na.

³Pang kitu teh sabab PANGERAN geus ngandika baris nyingkirkeun urang Yuda ti payuneuna-Na, temahna tina dosa Raja Menase,

⁴pangpangna ku sabab eta raja geus maehan mangpirang-pirang rahayat anu teu salah. Kajahatan Menase anu ieu ku PANGERAN teu dipaparin ampun.

⁵Hal Raja Yoyakim salian ti eta kaungel dina Kitab Babad Raja-raja Yuda.

⁶Sanggeus Yoyakim pupus tuluy diganti ku Yoyakin, putrana.

⁷Ari raja Mesir sabalandna geus tara budal deui ti nagarana, lantaran tanah-tanah

bawahan Mesir ti semet Walungan Eprat nepi ka wates tanah Mesir beulah kaler geus aya dina cangkingan raja Babul.

⁸Yoyakin mimiti jadi raja Yuda dina yuswa dalapan belas taun, calikna di Yerusalem, marentahna tilu bulan. Jenengan ibuna Nehusta binti Elnatan ti Yerusalem.

⁹Kalakuan Yoyakin nirca ti PANGERAN cara ramana.

¹⁰Waktu anjeunna ngaheuyeuk, datang perwira-perwira Raja Nebukadnesar sabalandna ti Babul narajang Yerusalem; Yerusalem dikepung.

¹¹Sabot baladna keur ngepung, Nebukadnesar ku anjeun sumping ka Yerusalem.

¹²Raja Yoyakin katut ibuna, putra-putrana, para kapala balad jeung para gegeden karaton ahirna serah bongkokan ka urang Babul. Dina taun kadalapan Nebukadnesar jumeneng raja, Yoyakin ku Nebukadnesar ditangkep, diasupkeun ka panjara.

¹³Rajabrana Bait Allah jeung rajabrana karaton kabeh diakut ka Babul. Kabeh paparabotan emas anu dipidamel ku Raja Suleman pikeun Bait Allah, ku Nebukadnesar diruksak, bukti sakumaha timbalan PANGERAN bareto.

¹⁴Urang Yerusalem katut para pangagung karajaan jeung para pamingpin, ku Nebukadnesar diakut ka Babul dijieun

boyongan, kabehna aya sapuluh rebu urang. Jalma-jalma patukangan oge, ka panday-panday beusi kabeh dikerid. Anu dikarikeun di Yuda ngan jalma-jalma anu pangmariskinna.

¹⁵Yoyakin oge ku Nebukadnesar diboyong ka Babul katut ibuna, garwa-garwana, mantri-mantrina jeung pamingpin-pamingpin lianna ti Yuda.

¹⁶Jalma-jalma anu parenting ku Nebukadnesar kabeh dikerid ka Babul, kabehna aya tujuh rebu urang. Jalma-jalma patukangan, kaasup panday beusi, eta ge diakut kabehna aya sarebu urang, pangawakanana kabeh harade, surup jaradi prajurit.

¹⁷Ari nagara Yuda ku Nebukadnesar sina dirajaan ku Matanya, kapiramana Yoyakin, anu jenenganana ku Nebukadnesar dilandi jadi Sidkia.

¹⁸Sidkia mimiti jadi raja nagara Yuda dina yuswa dua puluh hiji taun, calikna di Yerusalem, marentahna sabelas taun. Jenengan ibuna Hamutal binti Yermia ti Libna.

¹⁹Lampah Sidkia nirca ti PANGERAN sakumaha Raja Yoyakim.

²⁰PANGERAN kacida benduna, nepi ka urang Yerusalem jeung Yuda ku Mantenna disingkirkeun ti payuneuna-Na.

25¹Sidkia baha ka Raja Nebukadnesar. Ku sabab eta dina tanggal sapuluh bulan

sapuluh taun kasalapan Sidkia ngarajaan, Raja Nebukadnesar ti Babul nyandak baladna nempuh Yerusalem. Baladna masanggrahan di luareun nagara tuluy nyarieun benteng, Yerusalem ditingker sakurilingna.

²Ari ditingkerna nepi ka taun sawelas Sidkia jadi raja.

³Dina tanggal salapan bulan opat taun eta, keur meujeuhna nagara geus teu boga pisan dahareun,

⁴kuta nagara bedah. Ari prajurit-prajurit, sakitu ku balad Babul ditingker sakurilingna teu burung barisa molos kalabur sapeupeuting, jalanna ka kebon raja ngaliwat gapura anu brasna ka jalan anu kahapit ku dua kuta, terus kalabur ka Lebak Yordan.

⁵Tapi diudag ku balad Babul. Raja Sidkia kasusul di tanah lapang di wewengkon Yeriho, ditaringgalkeun ku baladna.

⁶Sidkia dicerek dibawa ka Ribla, dijogokeun ka Raja Nebukadnesar. Ku Raja Nebukadnesar dihukum.

⁷Putra-putrana dipeuncitan sina disaksian ku anjeunna. Sidkia ku Nebukadnesar dicokel socana, tuluy dirante jeung dibawa ka Babul.

⁸Dina tanggal tujuh bulan lima taun kasalapan belas Raja Nebukadnesar ngarajaan nagara Babul, Nebusaradan anu pangkatna juru nasehat raja jeung panglima perang, datang ka Yerusalem.

⁹Bait Allah, karaton, kitu deui imah jelema-jelema anu parenting di Yerusalem ku manehna beak dihuru.

¹⁰Ari kuta-kuta Yerusalem dibongkar ku serdadu-serdaduna.

¹¹Rahayat anu kari keneh di eta nagara, patukangan-patukangan sakarina, jeung jalma-jalma anu geus barelot ka urang Babul, ku Nebusaradan dikerid ka Babul.

¹²Anu ditinggalkeun di Yuda ngan jelema-jelema anu pangmariskinna, anu teu baroga naon-naon, dititah digarawe di kebon-kebon anggur jeung ngolah tanah.

¹³Tihang-tihang tambaga, padati-padati anu di Bait Allah, jeung tatalagaan tambaga, ku urang Babul diruksak diparotongan, tambagana diakut ka Babul.

¹⁴Malah sodok-sodok, wadah-wadah lebu paragi ngagosokan altar, pakakas paragi ngurus lampu-lampu, wadah-wadah paragi nandean getih sato kurban, parukuyan-parukuyan katut paparabotan tina tambaga paranti upacara ibadah, kabeh diakut.

¹⁵Barang-barang tina emas atawa perak, jeung pinggan-pinggan laleutik katut piring-piring wadah ruhak teu dikarikeun, kabeh diakut.

¹⁶Barang-barang tina tambaga beunang Raja Suleman ngadamel pikeun Bait Allah, nya eta pilar anu dua, padati-padati, jeung

tatalagaan, lamun tambagana ditimbang geus moal bisa katimbang ku loba-lobana.

¹⁷ Pilar anu dua tea ukuranana sarua, masing-masing luhurna dalapan meter, dina pucukna make mamakutaan tina tambaga keneh anu jangkungna masing-masing sameter tilu puluh senti, tur eta mamakutaan teh masing-masing dihias sakurilingna ku dadalimaan tina tambaga keneh.

¹⁸ Sanggeus kitu eta panglima Nebusaradan teh nangkep Imam Agung Seraya, Sepanya imam kadua, jeung tilu urang gegeden Bait Allah.

¹⁹ Ari ti kota anu ditangkep teh nya eta hiji kapala anu nyangking pasukan-pasukan, lima urang juru nasehat raja anu araya keneh di kota, hiji pangbantu panglima purah ngasup-ngasupkeun rahayat jadi prajurit, jeung genep puluh urang deui jalma-jalma anu parenting.

²⁰ Kabeh ku Nebusaradan dibawa ka raja Babul anu keur calik di Ribla,

²¹ di wewengkon nagara Hamat. Eta jelema-jelema ku raja Babul disiksa di dinya tuluy kabeh dipaehan. Jadi urang Yuda teh dieuweuhkeun ti tanahna, dikerid ka pangboyongan.

²² Sanggeusing kitu Nebukadnesar raja Babul ngangkat Gedalya bin Ahikam incu Sapan jadi gupernur nagara Yuda, sina

nguruskeun jelema-jelema anu henteu diboyong ka Babul.

²³ Barang hal eta kadarenggeeun ku para perwira jeung para prajurit anu henteu taraluk ka urang Babul, seug maranehna narepungan Gedalya di Mispa. Eta perwira-perwira teh nya eta Ismail bin Netanya, Yohanan bin Kareah, Seraya bin Tanhumet ti Netopa, jeung Yaasanya ti Maaka.

²⁴ Saur Gedalya ka maranehna, "Aranjeun teu kudu sieun ku ponggawa-pongawa urang Babul, sing jarongjon di ieu tanah, kaula nanggung aranjeun salamet asal kersa kumawula ka raja Babul."

²⁵ Tapi dina bulan katujuh taun eta, Ismail bin Netanya incu Elisama anu kaasup kulawarga raja, datang ka Mispa jeung baturna sapuluh urang, maehan Gedalya, kitu deui urang Israil jeung urang Babul anu harita keur araya di Gedalya, diparaehan.

²⁶ Geus kitu sakabeh urang Israil, anu beunghar, anu miskin, nyalingkir ti dinya jeung panglima-panglima pasukan tea, kalabur ka Mesir, sabab sarieuneun dibales ku urang Babul.

²⁷ Sanggeus raja Babul diganti ku Ewil Merodak, Yoyakin raja Yuda ku eta raja dikaluarkeun ti panjara, sabab karunyaean. Dikaluarkeunana dina tanggal dua puluh tujuh bulan dua belas, nincak kana tilu puluh tujuh taunna Raja Yoyakin aya di pangboyongan.

²⁸ Ewil Merodak kacida darehdehna ka anjeunna, nepi ka maparin kalungguhan anu mulya, leuwih mulya ti batan kalungguhan anu dilelerkeun ka raja-raja boyongan lianna anu papada diboyong ka Babul.

²⁹ Anggoanana ti panjara disalin, sarta saumur-umur tara towong tuang sameja jeung raja,

³⁰ tur kaperluan anjeunna sapopoe salawasna dicukup.

1 Tawarikh

- 1** ¹ Adam puputra Set. Set puputra Enos.
Enos puputra Kenan.
- ² Kenan puputra Mahalalel. Mahalalel puputra Yared.
- ³ Yared puputra Hanok. Hanok puputra Metusalah. Metusalah puputra Lamek.
- ⁴ Lamek puputra Enoh. Enoh puputra Sem, Ham jeung Yapet.
- ⁵ Yapet puputra Gomer, Magog, Madai, Yawan, Tubal, Mesek jeung Tiras, anu masing-masing jadi karuhun jalma-jalma anu marake ngaran eta.
- ⁶ Gomer nurunkeun urang Askenas, Ripat jeung Togarma.
- ⁷ Yawan nurunkeun urang Elisa, Sepanyol, Siprus jeung Rodes.
- ⁸ Ham puputra Kus, Mesir, Libia jeung Kanaan, anu masing-masing jadi karuhun jalma-jalma anu marake ngaran eta.
- ⁹ Kus nurunkeun urang Seba, Hawila, Sabta, Raama jeung Sabteka. Raama nurunkeun urang Syeba jeung urang Dedan.
- ¹⁰ (Kus puputra Namrud, jalma anu pangheulana jadi tukang naluk-nalukkeun dunya.)
- ¹¹ Mesir nurunkeun urang Lidia, Anam, Lehab, Naptuh,

¹²Patrus, Kasluh jeung urang Kreta anu nurunkeun urang Pelisti.

¹³Kanaan puputra Sidon, cikalna, jeung Het, anu masing-masing jadi karuhun jalma-jalma anu marake ngaran eta.

¹⁴Jeung deui Kanaan teh jadi karuhun urang Yebus, urang Emor, urang Girgas,

¹⁵urang Hiwi, urang Arki, urang Sin,

¹⁶urang Arwad, urang Semar jeung urang Hamat.

¹⁷Sem puputra Elam, Asur, Arpaksad, Lud, Aram, Us, Hul, Geter jeung Mesek, anu masing-masing jadi karuhun jalma-jalma anu marake ngaran eta.

¹⁸Arpaksad puputra Selah. Selah puputra Eber.

¹⁹Eber puputra dua urang, nu saurang dingaranan Peleg, lantaran jaman eta pangeusi dunya dipecah; nu saurang deui Yoktan.

²⁰Yoktan nurunkeun urang Almodad, Selep, Hasar Mawet, Yarah,

²¹Hadoram, Usal, Dikla,

²²Ebal, Abimael, Syeba,

²³Opir, Hawila jeung Yobab.

²⁴Silsilah ti Sem nepi ka Abram nya eta: Sem, Arpaksad, Selah,

²⁵Eber, Peleg, Rehu,

²⁶Serug, Nahor, Terah

²⁷jeung Abram atawa mashurna Ibrahim.

²⁸Ibrahim puputra dua, Ishak jeung Ismail.

²⁹ Putra-putra Ismail jaradi lulugu dua belas kaom, nya eta kaom Nebayot (ngalap ngaran putra Ismail anu cikal), kaom Kedar, kaom Adbel, kaom Mibsam,

³⁰ kaom Misma, kaom Duma, kaom Masa, kaom Hadad, kaom Tema,

³¹ kaom Yetur, kaom Napis jeung kaom Kedma.

³² Ibrahim kagungan parekan, ngaranna Katura. Ti ieu parekan meunang putra-putra Ialaki, Yoksan, Medan, Midian, Isbak jeung Suah. Yoksan puputra dua, Syeba jeung Dedan.

³³ Midian puputra lima: Epa, Eper, Hanok, Abida jeung Eldaa.

³⁴ Ishak putra Ibrahim puputra dua, Esau jeung Yakub.

³⁵ Esau puputra Elipas, Rehuel, Yehus, Yalam jeung Korah.

³⁶ Elipas jadi karuhun kaom Tman, kaom Omar, kaom Sepi, kaom Gatam, kaom Kenas, kaom Timna jeung kaom Amalek.

³⁷ Rehuel jadi karuhun kaom Nahat, kaom Serah, kaom Syama jeung kaom Misa.

³⁸ (1: 38-42) Pribumi tanah Edom kabeh turunan putra-putra Seir anu ngaranna masing-masing: Lotan, anu jadi karuhun bani Hori jeung bani Homam. Saderek Lotan istri, nya eta Timna. Sobal, karuhun bani Alwan, bani Manahat, bani Ebal, bani Sepi, bani Onam. Sibeon, puputra Aya jeung Ana. Ana

puputra Dison karuhun bani Hamran, bani Esban, bani Yitran, bani Keran. Eser, karuhun bani Bilhan, bani Saawan, bani Yakan. Disan, karuhun bani Us, bani Aran.

³⁹(1: 38)

⁴⁰(1: 38)

⁴¹(1: 38)

⁴²(1: 38)

⁴³(1: 43-50) Samemeh di Israil aya raja, di tanah Edom geus aya raja, gunta-ganti nurutkeun waktu masing-masing, nya eta: Bela bin Beor, ti Dinhaba. Yobab bin Serah, ti Bosra. Husam, ti wewengkon Tman. Hadad bin Bedad, anu ngelehkeun urang Midian di Moab, ti Awit. Samla, ti Masreka. Saul, ti Rehobot sisi walungan. Baal Hanan, bin Akbor. Hadad, ti Pahi, (garwana Mehetabel binti Matred putu Mesahab).

⁴⁴(1: 43)

⁴⁵(1: 43)

⁴⁶(1: 43)

⁴⁷(1: 43)

⁴⁸(1: 43)

⁴⁹(1: 43)

⁵⁰(1: 43)

⁵¹Urang Edom jadi sababaraha kaom nya eta: Kaom Timna, kaom Alwa, kaom Yetet,

⁵²kaom Oholibama, kaom Ela, kaom Pinon,

⁵³kaom Kenas, kaom Tman, kaom Mibsar,

⁵⁴kaom Magdiel jeung kaom Iram.

2¹ Yakub puputra dua belas: Rubin, Simeon, Lewi, Yuda, Isaskar, Sebulun,

²Dan, Yusup, Binyamin, Naptali, Gad, Aser.

³Yuda putrana lima, tilu ti garwana anu jenengan Batsua urang Kanaan, nya eta Er, Onan jeung Sela. Er, anu cikal, ku sabab lampahna kacida gorengna, ku PANGERAN dicabut nyawana.

⁴Dua urang deui putrana ti garwana anu jenengan Tamar (tadina mantu), nya eta Peres jeung Serah.

⁵Peres puputra dua nya eta Hesron jeung Hamul.

⁶Serah saderekna puputra lima nya eta Simri, Etan, Heman, Kalkol jeung Darda.

⁷Akan bin Karmi salah sahiji turunan Serah nyokot barang larangan, nya eta barang jarahan keur PANGERAN, nepi ka ngabahlakeun ka urang Israil.

⁸Etan puputra Asarya.

⁹Hesron puputra Yerahmel, Ram jeung Kaleb.

¹⁰Ari runtuyan ti Ram nepi ka Isai nya eta: Ram, Aminadab, Nahson (pangnyongcolangna di kaom Yuda),

¹¹Salmon, Boas,

¹²Obed jeung Isai.

¹³Isai puputra tujuh, pareleanana: Eliab, Abinadab, Syama,

¹⁴Netanel, Radai,

¹⁵Osem jeung Daud.

¹⁶Putrana anu istri nya eta Seruya jeung Abigail. Seruya binti Isai puputra tilu: Abisai, Yoab, Asahel.

¹⁷Abigail binti Isai carogean ka Yeter turunan Ismail, puputra Amasa.

¹⁸Kaleb bin Hesron nikah ka Asuba, puputra Yeriot, awewe. Yeriot puputra tilu: Yeser, Sobab jeung Ardon.

¹⁹Asuba tilar dunya, Caleb nikah deui ka Eprat, tuluy puputra Hur.

²⁰Hur puputra Uri, ari incuna ngaranna Besalel.

²¹Dina yuswa genep puluh taun Hesron nikah deui ka putra Mahir saderek Gilad, tuluy puputra Segub.

²²Segub puputra Yair. Yair nyekel dua puluh tilu kota di wewengkon Gilad.

²³Tapi wilayahna aya anu direbut ku dua raja ti karajaan Gesur jeung Aram. Genep puluh kota karebut kaasup desa Yair jeung Kenat katut kota-kota laleutik anu dareukeutna. Pribumi urang dinya kabeh turunan Mahir bapana Gilad.

²⁴Sanggeus Hesron pupus, Caleb putrana nikah ka Eprat urut garwa ramana, puputra Ashur anu ngadegkeun kota Tekoa.

²⁵Yerahmel, putra Hesron anu cikal puputra lima: Ram cikalna, Buna, Oren, Osem jeung Ahia.

²⁶ (2: 26-27) Ram puputra tilu: Maas, Yamin jeung Eker. Ti Atara, garwana anu saurang deui, Yerahmel puputra Onam.

²⁷ (2: 26)

²⁸ Onam puputra dua: Samai jeung Yada. Samai puputra dua: Nadab jeung Abisur.

²⁹ Abisur nikah ka Abihail, puputra dua: Ahban jeung Molid.

³⁰ Nadab saderek Abisur puputra dua: Seled jeung Apaim; Seled tilar dunya jeung teu putraan.

³¹ Apaim puputra Yishi, Yishi puputra Sesan. Sesan puputra Ahlai.

³² Yada saderek Samai puputra dua: Yeter jeung Yonatan. Yeter tilar dunya jeung teu putraan.

³³ Yonatan puputra dua: Pelet jeung Sasa. Sakitu kabehna turunan Yerahmel.

³⁴ (2: 34-35) Sesan putrana istri wungkul, nu saurang ditikahkeun ka gandekna ngaran Yarha urang Mesir, anakna hiji ngaran Atai.

³⁵ (2: 34)

³⁶ Runtuyan ti Atai nepi ka Elisama nya eta: Atai, Natan, Sabad,

³⁷ Eplal, Obed,

³⁸ Yehu, Asarya,

³⁹ Heles, Elasa,

⁴⁰ Sismai, Salum,

⁴¹ Yekamya, Elisama.

⁴² Putra Kaleb anu cikal, saderek Yerahmel, nya eta Mesa. Mesa puputra Sip. Sip puputra Maresa. Maresa puputra Hebron.

⁴³ Hebron puputra opat: Korah, Tapua, Rekem jeung Sema.

⁴⁴ Sema puputra Raham, Raham puputra Yorkam. Rekem saderek Sema puputra Samai,

⁴⁵ Samai puputra Maon, Maon puputra Betsur.

⁴⁶ Kaleb ti Epa parekanana puputra tilu: Haran, Mosa jeung Gases. Haran oge kagungan putra, ngaranna Gases.

⁴⁷ (Aya hiji jalma jenengan Yahdai, puputra Regem, Yotam, Gesan, Pelet, Epa jeung Saap.)

⁴⁸ Ti Maaka, parekanana anu kadua Kaleb puputra Seber jeung Tirhana.

⁴⁹ Saterusna ti parekan nu eta keneh Kaleb puputra dua deui: Saap jeung Sewah; Saap ngadegkeun kota Madmana, Sewah ngadegkeun kota Makbena jeung Gibea. Putra Kaleb anu istri nya eta Aksa.

⁵⁰ Anu ieu oge turunan Kaleb keneh, nya eta: Sobal, putra Hur (putra Kaleb anu cikal) ti Eprat, garwana, anu ngadegkeun Kiryat Yirim.

⁵¹ Putra Hur anu kadua nya eta Salma, anu ngadegkeun kota Betlehem. Putra Hur anu katilu nya eta Herep, anu ngadegkeun kota Bet Gader.

⁵² Sobal anu ngadegkeun kota Kiryat Yarim tea jadi karuhun urang Haru, anu ngeusian saparo kota Menuhot,

⁵³ oge jadi karuhun warga-warga anu maratuh di Kiryat Yarim, nya eta urang Yitri, urang Puti, urang Suma jeung urang Misra. (Aya oge jalma-jalma ti eta warga-warga anu maratuh di kota Sora jeung Estaol.)

⁵⁴ Salma, anu ngadegkeun kota Betlehem tea jadi karuhun urang Netopa, urang Atrot Bet Yoab jeung urang Sori, nya eta salah sahiji kaom ti dua kaom anu maratuhna di Manahat.

⁵⁵ (Aya anu maratuhna di kota Yabes, nya eta: urang Tira, urang Simat jeung urang Sukat, kabeh kaasup bangsa Keni anu pacorok jodo jeung urang Rekab, tur kabeh jalma-jalma ahli kana tulas-tulis jeung ahli nyutat.)

3¹ (3: 1-3) Berendelan putra-putra Daud nurutkeun parelean yuswana masing-masing, anu diowokeunana waktu anjeunna ngarajaan di Hebron: Amnon, ibuna Ahinoam ti Yisrel. Daniel, ibuna Abigail ti Karmel. Absalom, ibuna Maaka putra Raja Talmai ti Gesur. Adonia, ibuna Hagit. Sepaca, ibuna Abital. Itream, ibuna Eglah.

² (3: 1)

³ (3: 1)

⁴ Genepanana diowokeun di Hebron, waktu Daud ngarajaan di dinya anu lilana tujuh taun

genep bulan. Sanggeus anjeunna ngarajaan di Yerusalem anu lilana tilu puluh tilu taun,

⁵ anjeunna puputra deui tur loba. Ti garwa anu jenengan Batseba binti Amiel puputra opat: Sima, Sobab, Natan jeung Suleman.

⁶ Salapan deui putrana nya eta: Yibhar, Elisua, Elpelet,

⁷ Nogah, Nepeg, Yapia,

⁸ Elisama, Elyada jeung Elipelet.

⁹ Kajaba ti eta rea keneh putrana anu ti parekan-parekan. Putrana nu istri, hiji, Tamar.

¹⁰ Runtuyan turunan Raja Suleman nya eta: Rehabam, putrana. Rehabam puputra Abiam, Abiam puputra Asa, Asa puputra Yosapat,

¹¹ Yosapat puputra Yehoram, Yehoram puputra Ahasia, Ahasia puputra Yoas,

¹² Yoas puputra Amasia, Amasia puputra Usia, Usia puputra Yotam,

¹³ Yotam puputra Ahas, Ahas puputra Hiskia, Hiskia puputra Menase,

¹⁴ Menase puputra Amon, Amon puputra Yosia.

¹⁵ Yosia puputra opat: Yohanan, Yoyakim, Sidkia jeung Yoahas.

¹⁶ Yoyakim puputra dua: Yoyakin jeung Sidkia.

¹⁷ Turunan Raja Yoyakin, raja anu diboyong ku urang Babul tea, ieu berendelanana: Yoyakin puputra tujuh: Sealtiel,

¹⁸ Malkiram, Pedaya, Senasar, Yekamya, Hosama jeung Nedabya.

¹⁹ Pedaya puputra dua: Serubabel jeung Simi. Serubabel puputra dua pameget hiji istri; nu pameget: Mesulam jeung Hananya, nu istri: Selomit.

²⁰ Aya deui putrana lima urang: Hasuba, Ohel, Berekya, Hasadya jeung Yusab Hesed.

²¹ Hananya puputra dua: Pelaca jeung Yesaya. Yesaya puputra Repaya, Repaya puputra Arnan, Arnan puputra Obaja, Obaja puputra Sekanya.

²² Sekanya puputra hiji, Semaya, ari incuna aya lima: Hatus, Yigal, Bariah, Narya jeung Sapat.

²³ Narya puputra tilu: Elyuenai, Hiskia jeung Asrikam.

²⁴ Elyuenai puputra tujuh: Hodawia, Elyasib, Pelaya, Akub, Yohanan, Delaya jeung Anani.

4 ¹ Sawatara turunan Yuda nya eta: Peres, Hesron, Karmi, Hur jeung Sobal.

² Sobal puputra Raya, Raya puputra Yahat, Yahat puputra Ahumai jeung Lahad, karuhun jalma-jalma anu maratuh di Sora.

³ (4: 3-4) Putra Kaleb anu cikal ti garwana anu jenengan Eprat nya eta Hur. Turunan Hur ngadegkeun kota Betlehem. Hur puputra tilu: Etam, Penuel jeung Eser. Etam puputra tilu: Yisrel, Yisma jeung Idbas, jeung hiji putra istri nya eta Haslelponi. Penuel ngadegkeun kota Gedor, ari Eser ngadegkeun Husa.

⁴ (4: 3)

⁵Ashur, anu ngadegkeun kota Tekoa istrina dua, Hela jeung Naara.

⁶Ti Naara puputra opat: Ahusam, Heper, Temni jeung Ahastari.

⁷Ti Hela puputra tilu: Seret, Yishar jeung Etnan.

⁸Kos puputra Anub jeung Sobeba, karuhun jalma-jalma anu runday ti Aharhel bin Harum.

⁹Yabes, jalma anu kacida diajenanana ku saderek-saderekna. Dijenenganan Yabes teh ku ibuna, sabab diowokeunana kacida nyerina.

¹⁰Yabes neneda ka Allah Israil, piunjukna, "Gusti, abdi nyuhunkeun berkah sareng tanah masing seueur. Mugi abdi diraksa tina kacilakaan anu matak nyeri." Panedana ku Allah dimakbul.

¹¹Kaleb, saderek Suha, puputra Mehir. Mehir puputra Eston.

¹²Eston puputra tilu: Bet Rapa, Paseah jeung Tehina. Tehina ngadegkeun kota Nahas. Turunan ieu jalma-jalma maratuhna di Reka.

¹³Kenas, putrana dua, Otniel jeung Seraya. Otniel putrana dua, Hatat jeung Monotai.

¹⁴Monotai puputra Opra. Seraya puputra Yoab anu ngadegkeun Lebak Patukangan, tempat jalma-jalma anu arahli barang jieun.

¹⁵Kaleb bin Yepune putrana tilu: Iru, Ela jeung Naam. Ela puputra Kenas.

¹⁶Yehalalel putrana opat: Sip, Sipa, Tirya jeung Asarel.

¹⁷ (4: 17-18) Esrah putrana opat: Yeter, Mered, Eper jeung Yalon. Mered nikah ka Bitia putra raja Mesir, puputra hiji istri dua pameget. Nu istri Miryam, nu pameget Samai jeung Yisbah. Yisbah ngadegkeun kota Estemoa. Ti istrina anu ti kaom Yuda putrana tilu: Yered, anu ngadegkeun kota Gedor; Heber, anu ngadegkeun kota Soko; jeung Yekutiel, anu ngadegkeun kota Sanoa.

¹⁸ (4: 17)

¹⁹ Hodia, nikahna ka saderek Naham. Turunanana jadi bani Garmi, anu maratuhna di kota Kehila jeung kaom Maaka, anu maratuhna di kota Estemoa.

²⁰ Simon putrana opat: Amnon, Rina, Benhanan jeung Tilon. Yishi, putrana dua: Sohet jeung Bensohet.

²¹ Turunan Sela bin Yuda kaasup oge: Er, anu ngadegkeun kota Leka; Lada, anu ngadegkeun kota Maresa; aya oge anu maratuh di kota Bet Asbea, pagaweanana kana ninun lenen;

²² Yokim jeung jalma-jalma anu maratuh di kota Koseba; Yoas jeung Sarap, anu narikahna ka awewe urang Moab, anu saterusna maratuh di Betlehem. (Ieu catetan geus kacida kolotna.)

²³ Ieu jalma-jalma jaradi tukang nyieunan barang gagarabah pikeun kaperluan raja, maratuhna di kota Netaim jeung Gedera.

²⁴ Simeon putrana lima: Nemuel, Yamin, Yarib, Serah, jeung Saul.

²⁵ Saul puputra Salum, Salum puputra Mibsam, Mibsam puputra Misma.

²⁶ Runtuyan turunan ti Misma nya eta Hamuel, Sakur, jeung Simi.

²⁷ Simi puputra genep belas pameget genep istri. Tapi putra wargi-wargina mah saeutik, ku sabab eta kaom Simeon mah henteu sakumaha ngalobaanana cara kaom Yuda.

²⁸ Nepi ka jaman Raja Daud turunan Simeon maratuhna teh di kota-kota Bersyeba, Molada, Hasar Sual,

²⁹ Bilha, Esem, Tolad,

³⁰ Betuel, Hormah, Siklag,

³¹ Bet Markabot, Hasar Susim, Betbiri, jeung Saaraim.

³² Aya oge anu di Etam, Ain, Rimon, Token, jeung Asan,

³³ jeung di desa-desa sakurilingeunana, terus ngidul ngetan nepi ka Baalat, tetep renggenek di dinya tur boga silsilah sorangan.

³⁴ (4: 34-38) Jalma-jalma anu jaradi lulugu di kaomna masing-masing nya eta: Mesobab, Yamlek, Yosa bin Amasia, Yol, Yehu bin Yosibya bin Seraya bin Asiel, Elyuenai, Yaakoba, Yesohaya, Asaya, Adiel, Yesimiel, Benaya, Sisa bin Sipi bin Alon (turunan Yedaya, Simri jeung Semaya). Ku sabab beuki ngalobaan,

³⁵ (1: 34)

³⁶(1:34)

³⁷(1:34)

³⁸(1:34)

³⁹seug nyabar nyaliara meh nepi ka Gerar,
ngarangon domba di hiji lebak sabeulah ti
wetan deukeut Gerar.

⁴⁰Tuluy maranggih tanah sampalan montok,
nya lega, nya aman, nya genah. Tadina anu
maratuh di dinya teh urang Ham.

⁴¹Jaman Hiskia ngarajaan di Yuda,
maranehna ngagempur Gerar, kemah-kemah
jeung pondok-pondok urang dinya dibukbak,
pangeusina sina nyaringkah, tempatna terus
diandih, sabab di dinya loba pisan tanah
sampalan pikeun ingon-ingonna.

⁴²Kaom Simeon aya anu terus ngetan ka
tanah Edom lima ratus urang, diluluguan
ku anak-anak Yishi: Pelaca, Narya, Repaya,
jeung Usiel.

⁴³Sesa-sesa urang Amalek anu di darinya
diparaehan, tempatna diandih nepi ka
ayeuna.

5¹Ari Rubin, putra Yakub anu cikal, ku
sabab ngajinahan parekan ramana,
kacikalanana dicabut diselehkeun ka Yusup.

²Parandene kitu ari kaom anu pangkawasana
mah kaom Yuda, nepi ka aya anu jadi gegedug
ngawasaan sakabeh kaom lianna.

³Rubin putra Yakub anu cikal putrana opat:
Hanok, Palu, Hesron jeung Karmi.

⁴(5: 4-6) Ieu turunan Yol, masing-masing nurutkeun jamanna: Senaya, Gog, Simei, Mika, Raya, Baal jeung Bera. Bera, kapala kaom Rubin ditangkep ku Tiglat Pileser raja Asur, terus diboyong.

⁵(5: 4)

⁶(5: 4)

⁷Urang kaom Rubin anu jaradi pamingpin golongan masing-masing nya eta: Yiel, Jakaria

⁸jeung Bela bin Asas bin Sema; eta pamingpin warga Yol. Ieu warga maratuhna di Arur jeung di wewengkon anu pernahna ti dinya ngaler nepi ka Nebo jeung Baal Meon.

⁹Ka wetanna maratuhna di tanah Gilad nepi ka sisi wetan gurun keusik anu tulunya ka Walungan Eprat. Ingon-ingonna kacida lobana.

¹⁰Jaman Raja Saul, kaom Rubin merangan jeung ngelehkeun urang Hagri nepi ka beak, tanahna nya eta wewengkon Gilad wetan diandih.

¹¹Kaom Gad maratuhna kalereun kaom Rubin, di tanah Basan terus ngetan nepi ka Salka.

¹²Anu maratuhna di Basan, golongan anu pangpentingna dikapalaan ku Yol. Golongan penting anu kadua dikapalaan ku Sapam. Golongan-golongan sejenna dikapalaan ku Yanai jeung Sapat.

¹³ Jelema-jelema sejenna ti kaom Gad, eta kaasup ka tujuh golongan ieu: golongan Mikael, golongan Mesulam, golongan Seba, golongan Yorai, golongan Yakan, golongan Siha, golongan Eber.

¹⁴ Asal tumurunna ti Abihail bin Huri. Ari karuhunna lamun dijujut mundur nya eta: Abihail, Huri, Yaroah, Gilad, Mikael, Yesisai, Yahdo jeung Bus.

¹⁵ Ieu golongan-golongan dikapalaan ku Ahi bin Abdiel bin Guni.

¹⁶ Maratuhna di Basan jeung Gilad, boh di kota-kota, boh di pilemburan jeung di tanah-tanah sampalan di Saron.

¹⁷ (Sajarah maranehna disusunna mimiti ti jaman Raja Yotam ngarajaan nagara Yuda jeung Raja Yarobam ngarajaan nagara Israil.)

¹⁸ Kaom Rubin, kaom Gad jeung kaom Menase Wetan boga 44.760 prajurit anu geus asak latih, tabah ngagunakeun kepeng, pedang jeung jamparing.

¹⁹ Seug merangan urang Hagri, nya eta kaom Yetur, kaom Napis jeung kaom Nodab.

²⁰ Perangna bari jeung percaya ka Allah, teu tinggal ti nyambat pitulung Mantenna, tur panyambatna ku Allah dimakbul, perangna unggul bisa ngelehkeun urang Hagri jeung anu ngabantuna.

²¹ Ti musuhna ngarampas 50.000 onta, 250.000 domba, jeung 2.000 kalde, jaba tawanan perang 100.000 urang.

²² Musuh anu kasambut kacida lobana, nya Allah anu ngersakeun kitu. Tempat urut musuhna diandih, nepi ka maranehna sorangan engkena aya anu ngaboyong.

²³ Kaom Menase Wetan maratuhna di wewengkon Basan terus ka kaler nepi ka Baal Hermon, Senir, jeung Gunung Hermon, lobana mangpirang-pirang.

²⁴ Eper, Yishi, Eliel, Asriel, Yermia, Hodawia jeung Yahdiel, jaradi pamingpin warga masing-masing, kasohor prajurit-prajurit anu garagah.

²⁵ Tapi ka beh dieunakeun maranehna jadi nirca, naringgalkeun Allah karuhunna, ngabarakti ka aallahan-aallahan bangsa-bangsa anu ku PANGERAN geus dieuweuhkeun ti dinya.

²⁶ Ku sabab kitu nagarana ku PANGERAN disina dirurug ku Raja Pul ti Asur, anu kawentarkeun Tiglat Pileser tea. Kaom Rubin, kaom Gad jeung kaom Menase Wetan ku Mantenna disina diboyong ti nagarana, sina tetep renggenek di Halah, di Habor, di Hara, jeung di sisi Walungan Gosan.

6¹ Lewi putrana tilu: Gerson, Kahat jeung Merari.

²Kahat putrana opat: Amram, Yishar, Hebron jeung Usiel.

³ Amram putrana dua pameget hiji istri, nu pameget Harun jeung Musa, nu istri Miryam.

Harun putrana opat: Nadab, Abihu, Elasar
jeung Itamar.

⁴Turunan Elasar nurutkeun jamanna
masing-masing: Pinehas, Abisua,

⁵Buki, Usi,

⁶Serahya, Merayot,

⁷Amarya, Ahitub,

⁸Sadok, Ahimaas,

⁹Asarya, Yohanan,

¹⁰Asarya (anu manghuluan di Bait Allah anu
diadegkeun ku Raja Suleman di Yerusalem),

¹¹Amarya, Ahitub,

¹²Sadok, Salum,

¹³Hilkia, Asarya,

¹⁴Seraya jeung Yosadak.

¹⁵Jaman urang Yuda jeung urang Yerusalem
ku PANGERAN disina diboyong ku Raja
Nebukadnesar, Yosadak oge kaboyong.

¹⁶Turunan Lewi anu tilu tea nya eta Gerson,
Kahat jeung Merari,

¹⁷masing-masing puputra. Gerson puputra
Libni jeung Simei;

¹⁸Kahat puputra Amram, Yishar, Hebron
jeung Usiel;

¹⁹Merari puputra Mahli jeung Musi.

²⁰Turunan Gerson nya eta: Libni puputra
Yahat, Yahat puputra Sima,

²¹Sima puputra Yoab, Yoab puputra Ido, Ido
puputra Serah, Serah puputra Yatrai.

²²Turunan Kahat nya eta: Aminadab puputra
Korah, Korah puputra Asir,

²³ Asir puputra Elkana, Elkana puputra Ebyasap, Ebyasap puputra Asir,

²⁴ Asir puputra Tahat, Tahat puputra Uriel, Uriel puputra Usia, Usia puputra Saul.

²⁵ Elkana putrana dua: Amasai jeung Ahimot.

²⁶ Turunan Ahimot nya eta: Elkana puputra Sopai, Sopai puputra Nahat,

²⁷ Nahat puputra Eliab, Eliab puputra Yaroham, Yaroham puputra Elkana.

²⁸ Samuel putrana dua: Yol cikalna jeung Abia rayina.

²⁹ Turunan Merari nya eta: Mahli puputra Libni, Libni puputra Simei, Simei puputra Usa,

³⁰ Usa puputra Sima, Sima puputra Hagia, Hagia puputra Asaya.

³¹ Sanggeus Peti Perjangjian aya deui di Yerusalem, Raja Daud ngangkat biduan-biduan anu kudu nganyanyikeun lagu-lagu pupujian di tempat ngabakti.

³² Jaman samemeh Raja Suleman ngadegkeun Bait Allah, eta para biduan ngajalankeun papancenna teh di Kemah Tepangan PANGERAN, waktuna bagilir.

³³ Anu diangkat kana eta papancen, garis silsilahna kieu: Heman putra Yoel ti golongan Kahat, pamingpin biduan giliran kahiji. Silsilahna lamun dijujut mundur nepi ka Yakub kieu: Heman putra Yoel, Yoel putra Samuel,

³⁴ Samuel putra Elkana, Elkana putra Yeroham, Yeroham putra Eliel, Eliel putra Toah,

³⁵ Toah putra Sup, Sup putra Elkana, Elkana putra Mahat, Mahat putra Amasai,

³⁶ Amasai putra Elkana, Elkana putra Yoel, Yoel putra Asarya, Asarya putra Sepanya,

³⁷ Sepanya putra Tahat, Tahat putra Asir, Asir putra Ebyasap, Ebyasap putra Korah,

³⁸ Korah putra Yishar, Yishar putra Kahat, Kahat putra Lewi, Lewi putra Yakub.

³⁹ Asap, pamingpin biduan giliran kadua. Silsilahna lamun dijujut mundur nepi ka Lewi kieu: Asap putra Berekya, Berekya putra Sima,

⁴⁰ Sima putra Mikael, Mikael putra Baaseya, Baaseya putra Malkia,

⁴¹ Malkia putra Etni, Etni putra Serah, Serah putra Adaya,

⁴² Adaya putra Etan, Etan putra Sima, Sima putra Simei,

⁴³ Simei putra Yahat, Yahat putra Gerson, Gerson putra Lewi.

⁴⁴ Etan, ti golongan Merari, pamingpin biduan giliran katilu. Silsilahna lamun dijujut mundur nepi ka Lewi kieu: Etan putra Kisi, Kisi putra Abdi, Abdi putra Maluk,

⁴⁵ Maluk putra Hasabya, Hasabya putra Amasia, Amasia putra Hilkia,

⁴⁶ Hilkia putra Amsi, Amsi putra Bani, Bani putra Semer,

⁴⁷ Semer putra Mahli, Mahli putra Musi, Musi putra Merari, Merari putra Lewi.

⁴⁸ Turunan Lewi salian ti eta, kabeh dibakukeun kana papancen-papancen anu tumali jeung tempat ngabakti.

⁴⁹ Harun saputra putuna dibakukeun kana ngukus seuseungitan jeung ngaduruk kurban dina altar, kana saniskara kawajiban di Kamar Pangscina, jeung purah ngurban mangnebuskeun dosa urang Israil supaya meunang panghampura ti Allah. Kawajiban-kawajiban maranehna kabeh nurutkeun katangtuan anu ti Musa, abdi Allah.

⁵⁰ Parelean putra putu Harun kieu: Elasar puputra Pinehas, Pinehas puputra Abisua,

⁵¹ Abisua puputra Buki, Buki puputra Usi, Usi puputra Serahya,

⁵² Serahya puputra Merayot, Merayot puputra Amarya, Amarya puputra Ahitub,

⁵³ Ahitub puputra Sadok, Sadok puputra Ahimaas.

⁵⁴ Golongan Kahat anu tumurun ti Harun, maratuhna di wewengkon beunang ngalotre tea, anu elotna ragrag pangheulana sarta beunangna ku kaom Lewi,

⁵⁵ kaasup oge Hebron di wewengkon Yuda katut tanah-tanah sampalan sakuriling eta,

⁵⁶ iwal ti lahan-lahan jeung desa-desa sakuriling nagara, sabab eta mah beunangna ku Kaleb bin Yepune.

⁵⁷ (6: 57-59) Kota-kota anu ragrag ka turunan Harun nya eta: Hebron kota suaka, Yatir, kitu deui Libna, Estemoa, Hilen, Debir, Asan jeung Bet Semes, kabeh katut tanah-tanah sampalanana.

⁵⁸ (6: 57)

⁵⁹ (6: 57)

⁶⁰ Ti wewengkon Binyamin maranehna meunang kota Geba jeung sampalanana, kota Alemet jeung sampalanana, kota Anatot jeung sampalanana. Jadi tempat maratuhna saanak incu teh kabehna tilu belas kota.

⁶¹ Golongan Kahat salian ti eta maratuhna di wewengkon Menase Kulon, sapuluh kota anu elotna ragrag ka maranehna, sakulawarga sakota.

⁶² Golongan Gerson meunang tilu belas kota di wewengkon Isaskar, Aser, Naptali, jeung di Basan anu ayana di wewengkon Menase Wetan, sakulawarga sakota.

⁶³ Golongan Merari nya kitu keneh, meunang dua belas kota di wewengkon Rubin, Gad jeung Sebulun, sakulawarga sakota.

⁶⁴ Ku jalan kitu kaom Lewi ti urang Israil mareunang tempat pamatuhan katut tanah-tanah sampalanana.

⁶⁵ (Kota-kota di wewengkon Yuda, Simeon jeung Binyamin anu ditataan bieu, dibagikeunana kabeh ku jalan dilotre.)

⁶⁶Aya oge kulawarga-kulawarga ti golongan Kahat anu dibarere kota jeung tanah-tanah sampalan di wewengkon Epraim, nya eta:

⁶⁷kota Sekem, kota suaka anu ayana di pagunungan Epraim, Geser,

⁶⁸Yokmeam, Bet Horon,

⁶⁹Ayalon jeung Gat Rimon.

⁷⁰Ti wewengkon Menase Kulon maranehna dibere kota Aner jeung Bilam katut tanah sampalanana sakurilingeun eta.

⁷¹Kota-kota katut jeung tanah-tanah sampalanana anu dibikeun ka kulawarga-kulawarga bani Gerson nya eta: Di wewengkon Menase Wetan: Golan di Basan jeung Astarot.

⁷²Di wewengkon Isaskar: Kedes, Daberat,

⁷³Ramot jeung Anem.

⁷⁴Di wewengkon Aser: Masal, Abdon,

⁷⁵Hukok jeung Rehob.

⁷⁶Di wewengkon Naptali: Kedes di Galilea, Hamon jeung Kiryat Yarim.

⁷⁷Kota-kota katut jeung tanah-tanah sampalan anu dibikeun ka kulawarga-kulawarga kaom Merari nya eta: Di wewengkon Sebulun: Rimono jeung Tabor.

⁷⁸Di wewengkon Rubin wetaneun Walungan Yordan peuntaseun Yeriho: padataran Beser, Yahsa,

⁷⁹Kedemot jeung Mepaat.

⁸⁰Di wewengkon Gad: Ramot bilangan Gilad, Mahanaim,

⁸¹ Hesbon jeung Yaser.

7 ¹ Isaskar putrana opat: Tola, Pua, Yasub jeung Simron.

² Tola putrana genep: Usi, Repaya, Yeriel, Yahmai, Yibsam, jeung Semuel, kabeh jaradi kapala kulawarga warga Tola jeung jaradi prajurit anu kamashur. Keur jaman Raja Daud jumlah cacah jiwana aya 22.600 urang.

³ Usi putrana hiji, Yisrahya. Yisrahya putrana opat: Mikael, Obaja, Yoel jeung Yisia, kabeh jaradi kapala kulawarga.

⁴ Anak rabina masing-masing kacida lobana, nepi ka cacah jiwa turunanana sanggup ngayakeun 36.000 urang prajurit.

⁵ Jalma-jalma kaom Isaskar anu pantes jaradi prajurit nurutkeun catetan resmi aya 87.000 urang.

⁶ Binyamin putrana tilu: Bela, Beker jeung Yediael.

⁷ Bela putrana lima: Esbon, Usi, Usiel, Yerimot jeung Iri. Kabeh jaradi kapala kulawarga kaomna, tur jaradi prajurit anu garagah. Jalma-jalmana anu pantes jaradi prajurit aya 22.034 urang.

⁸ Beker putrana salapan: Semira, Yoas, Elieser, Elyunai, Omri, Yeremot, Abia, Anatot jeung Alemet.

⁹ Nurutkeun catetan resmi, jalma-jalmana anu pantes jaradi prajurit aya 20.200 urang.

¹⁰Yediael putrana hiji, Bilhan. Bilhan putrana tujuh: Yehus, Binyamin, Ehud, Kenaana, Yetan, Tarsis jeung Ahisahar.

¹¹Kabeh jaradi kapala kulawarga kaomna tur jaradi prajurit anu kamashur. Turunan maranehna anu pantes jaradi prajurit aya 17.200 jelema.

¹²Aya duaan deui, kaom eta keneh nya eta Supim jeung Hupim, duanana putra Ir. Ari Dan putrana hiji, nya eta Husim.

¹³Naptali putrana opat: Yahsiel, Guni, Yeser jeung Salum, kabeh incu Bilha.

¹⁴Menase, ti awewe urang Aram parekanana, puputra dua, Asriel jeung Makir. Makir puputra Gilad.

¹⁵Makir nikahkeun Hupim jeung Supim. Dulur Makir anu awewe nya eta Maaka. Putra Makir anu kadua Selopehad, ari Selopehad putrana kabeh awewe.

¹⁶Ti Maaka, bojona, Makir puputra dua: Peres jeung Seres. Peres puputra dua: Ulam jeung Rakem.

¹⁷Ulam putrana hiji: Bedan. Sakitu turunan Gilad bin Makir putu Menase.

¹⁸Hamoleket, saderek Gilad anu istri puputra tilu: Ishod, Abieser, jeung Mahla.

¹⁹(Semida puputra opat: Ahyan, Sekem, Likhi, jeung Aniam.)

²⁰Ari turunan Epraim nya eta: Sutelah puputra Bered, Bered puputra Tahat, Tahat puputra Elada, Elada puputra Tahat,

²¹ Tahat puputra Sabad, Sabad puputra Sutelah. Kajaba ti Sutelah aya duaan deui putra Epraim, nya eta Eser jeung Elad, tapi duanana tiwas dipaehan ku urang Gat waktu keur maraling ingon-ingon urang dinya.

²² Epraim prihatin sababaraha lilana, lipur-lipur sanggeus dilayad ku saderek-saderekna.

²³ Epraim manjingan deui garwana, seug ieu nyiram, ngalahirkeun, putrana lalaki, dingaranan Beria, pangeling-eling kana kacilakaan anu tumiba ka rumah tanggana.

²⁴ Aya putra Epraim anu istri nya eta Seera. Seera ngadegkeun kota Bet Horon Girang, Bet Horon Hilir, jeung Usen Seera.

²⁵ Aya deui putra Epraim anu lalaki nya eta Repah. Repah puputra Resep, Resep puputra Telah, Telah puputra Tahan,

²⁶ Tahan puputra Ladan, Ladan puputra Amihud, Amihud puputra Elisama,

²⁷ Elisama puputra Nun, Nun puputra Yosua.

²⁸ Ari wewengkon pamatuhanana nya eta Betel katut pilemburan-pilemburan sakurilingna, ka wetanna nepi ka Naaran, ka kulonna nepi ka Geser katut kabeh pilemburan sakurilingna, kitu deui Sekem jeung Aya katut kabeh pilemburanana.

²⁹ Turunan Menase maratuhna di Bet San, Taanak, Megido jeung Dor katut kabeh pilemburanana. Nya di dinya maratuhna turunan Yusup putra Yakub.

³⁰Turunan Aser nya eta: Aser putrana opat: Yimna, Yiswa, Yiswi, Beria; anu istri: Serah.

³¹Beria putrana dua: Heber jeung Malkiel. (Malkiel ngadegkeun kota Birsait.)

³²Heber putrana tilu: Yaplet, Somer jeung Hotam. Anu istri: Sua.

³³Yaplet putrana tilu: Pasak, Bimhal jeung Aswat.

³⁴Somer putrana tilu: Rohga, Yehuba jeung Aram.

³⁵Hotam putrana opat: Sopah, Yimna, Selsa jeung Amal.

³⁶Putra-putra Sopah: Suah, Harneper, Sual, Beri, Yimra,

³⁷Beser, Hod, Sama, Silsa, Yitram jeung Bera.

³⁸Putra-putra Yeter: Yepune, Pispa, Ara.

³⁹Putra-putra Ula: Arah, Haniel jeung Risya.

⁴⁰Sakitu turunan Aser, kabeh jaradi kapala-kapala kulawarga, kaceluk-pamuk, jalma-jalma anu petingan. Anu parantes jadi prajurit aya 26.000 urang.

8¹ Binyamin putrana lima, nya eta: Bela, cikalna, Asbel, Ahrah,

²Noha jeung Rapa.

³Bela puputra Adar, Gera, Abihud,

⁴Abisua, Naaman, Ahoah,

⁵Gera, Sepupan, Huram.

⁶(8: 6-7) Ehud, puputra Naaman, Ahia, Gera, kabeh jaradi kapala karuhun jalma-jalma anu maratuh di Geba, anu tuluyna diboyong ka

Manahat. Waktu keur diboyongna dikapalaan ku Gera, ramana Usa jeung Amihud.

⁷ (8: 6)

⁸ (8: 8-9) Saharaim mirak dua bojona, Husim jeung Baara. Geus kitu pindah ka tanah Moab sarta nikah di dinya ka Hodes, tuluy puputra tujuh: Yobab, Sibya, Mesa, Malkam,

⁹ (8: 8)

¹⁰ Yus, Sakis jeung Mirma, anu jaradi kapala kulawargana masing-masing.

¹¹ Memeh eta, ti Husim oge aya putrana dua nya eta Ahitub jeung Elpaal.

¹² Elpaal puputra tilu: Eber, Misham jeung Semed. Semed ngadegkeun kota Ono jeung Lod katut lembur-lembur sakurilingna.

¹³ Beria jeung Sema jaradi kapala warga anu maratuh di kota Ayalon, sarta nyinkahkeun jalma-jalma urang kota Gat.

¹⁴ Beria puputra Ahio, Sasak, Yeremot,

¹⁵ Sebaja, Arad, Eder,

¹⁶ Mikael, Yispa jeung Yoha.

¹⁷ Elpaal puputra: Sebaja, Mesulam, Hiski, Heber,

¹⁸ Yismerai, Yisli jeung Yobab.

¹⁹ Simei puputra: Yakim, Sikri, Sabdi,

²⁰ Elienai, Siltai, Eliel,

²¹ Adaya, Beraya jeung Simrat.

²² Sasak puputra: Yispan, Eber, Eliel,

²³ Abdon, Sikri, Hanan,

²⁴ Hananya, Elam, Antotia,

²⁵ Yipdea jeung Penuel.

²⁶Yeroham puputra: Samserai, Seharya, Atalya,

²⁷Yaaresia, Elias jeung Sikri.

²⁸Kabeh jaradi kapala warga sakaruhunna-sakaruhunna, anu turunanana maratuhna di Yerusalem.

²⁹Yiel ngadegkeun kota Gibon sarta matuhna oge di dinya. Ngaran istrina Maaka.

³⁰Anjeunna puputra: Abdon cikalna, Sur, Kis, Baal, Ner, Nadab,

³¹Gedor, Ahio, Seker

³²jeung Miklot. Miklot puputra Simea.

Turunan maranehna caricingna di Yerusalem deukeut jeung pada baraya.

³³Ner puputra Kis, Kis puputra Raja Saul. Saul puputra opat: Yonatan, Malkisua, Abinadab jeung Esbaal.

³⁴Yonatan puputra Meribaal, Meribaal puputra Mika.

³⁵Mika puputra opat: Piton, Melek, Tarea jeung Ahas.

³⁶Ahas puputra Yoada, Yoada puputra tilu: Alemet, Asmawet jeung Simri. Simri puputra Mosa.

³⁷Mosa puputra Bina, Bina puputra Rapa, Rapa puputra Elasa, Elasa puputra Asel.

³⁸Asel puputra genep: Asrikam, Bokru, Ismail, Sarya, Obaja jeung Hanan.

³⁹Esek saderek Asel putrana tilu: Ulam, Yehus jeung Elipelet.

⁴⁰ Putra-putra Ulam jaradi prajurit anu kamashur, palinter mentang jamparing. Putra putuna anu lalaki aya saratus lima puluh urang. Kabeh kaasup kaom Binyamin.

9 ¹ Urang Israil kabeh enggeus didaptarkeun nurutkeun sakumaha silsilah turunanana, tur geus dicatet dina Kitab Raja-raja Israil. Ari urang Yuda, tina sabab dosa-dosana enggeus dihukum dibuang ka Babul.

² Anu pangheulana marulang ka kota-kota asalna nya eta urang Israil golongan rahayat biasa, para imam, urang-urang Lewi, jeung tukang-tukang digarawe di Bait Allah.

³ Jalma-jalma ti kaom-kaom Yuda, Binyamin, Epraim, jeung Menase, maratuhna di Yerusalem.

⁴ (9: 4-6) Ti kaom Yuda anu maratuhna di Yerusalem teh aya 690 kulawarga. Turunan anu mencarna ti Peres bin Yuda dikapalaanana ku Utai bin Amihud bin Omri. Imri jeung Bani oge karuhun Utai keneh. Turunan anu mencarna ti Selah bin Yuda di kapalaan ku Asaya. Asaya jadi kapala kulawargana. Turunan anu mencarna ti Serah bin Yuda dikapalaanana ku Yehuel.

⁵ (9: 4)

⁶ (9: 4)

⁷ (9: 7-8) Ti kaom Binyamin anu maratuhna di Yerusalem teh nya eta: Salu bin Mesulam bin Hodawia bin Hasenua. Yibneya bin

Yeroham. Ela bin Usi bin Mikri. Mesulam bin Sepaca bin Rehuel bin Yibnia.

⁸(9: 7)

⁹Nya maranehna anu ngapalaan jalma-jalma ti kaom Binyamin anu maratuhna di Yerusalem anu lobana 956 kulawarga.

¹⁰(9: 10-12) Para imam anu maratuhna di Yerusalem nya eta: Yedaya, Yoyarib jeung Yakin. Asarya bin Hilkia, kapala urusan Bait Allah (karuhunna nya eta Mesulam, Sadok, Merayot jeung Ahitub). Adaya bin Yeroham, anu karuhunna nya eta Pashur jeung Malkia. Maasai bin Adiel, anu karuhunna Yahsera, Mesulam, Mesilemit jeung Imer.

¹¹(9: 10)

¹²(9: 10)

¹³Imam-imam anu jaradi kapala kulawarga kabehna aya 1.760 urang. Aranjeunna geus tarabah ngatur saniskara pagawean urusan Bait Allah.

¹⁴(9: 14-16) Urang Lewi anu maratuh di Yerusalem nya eta: Semaya bin Hasub, anu karuhunna Asrikam jeung Hasabya ti kaom Merari. Bakbakar, Heres jeung Galal. Matanya bin Mika, anu karuhunna Sikri jeung Asap. Obaja bin Semaya, anu karuhunna Galal jeung Yedutun. Berekya bin Asa bin Elkana, anu matuhna di desa urang Netopa.

¹⁵(9: 14)

¹⁶(9: 14)

¹⁷ Para pangawal Bait Allah anu maratuh di Yerusalem nya eta: Salum, Akub, Talmon jeung Ahiman. Salum jadi kapala pangawal.

¹⁸ Nepi ka mangsa harita jalma-jalma golongan warga maranehna ditempatkeunana teh di lawang Gapura Raja beulah wetan. Tadina maranehna ngawalna teh di lawang-lawang anu brasna ka pakemahan urang Lewi.

¹⁹ Salum bin Kore incu Ebyasap jeung jalma-jalma papada warga Korah, dibere kawajiban ngajaga lawang Kemah Tepangan PANGERAN, cara papancen karuhunna bareto di pakemahan PANGERAN.

²⁰ Putra Elasar, Pinehas anu hartina: Mugia manehna disarengan ku PANGERAN kungsi ngapalaan maranehna.

²¹ Jakaria bin Meselemya, eta oge ngajaga lawang Kemah Tepangan PANGERAN.

²² Anu kapilih ngajaga lawang-lawang jeung gapura-gapura teh kabehna aya 212 urang, anu didaptarkeunana di sadesana-sadesana. Eta papancen baretona dijalankeun ku para karuhunna, diayakeunana ku Raja Daud jeung Samuel, juru tingal tea.

²³ Papancen ngajaga gapura-gapura Bait Allah teh diteruskeunana ku maranehna saturunanana.

²⁴ Gapura-gapura teh masing-masing nyanghareupna ka kaler, ka kidul, ka kulon,

ka wetan, sarta masing-masing aya kapala pangawalna saurang.

²⁵Anu ngajaraga di dinya dibantu ku duduluranana anu maratuh di desa-desa, ngabantuna kagiliran saminggu sewang.

²⁶Kapalana, anu kudu tanggung jawab aya opatan, kabeh urang Lewi. Kajaba ti kitu eta kapala-kapala jaga teh kudu ngurus rohangsan-rohangsan Bait Allah katut ngurus rajabranana.

²⁷Ku sabab kudu ngajaga Bait Allah sarta unggal isuk kudu mukakeun gapura-gapurana, maratuhna oge deukeut Bait bae.

²⁸Papancen urang Lewi lianna, sawareh ngarawatan parabot ngabakti; mun rek dipake kitu deui sanggeusna, eta parabot kudu diitung.

²⁹Sawareh deui kudu ngurus parabot suci, ngurus tipung, anggur, minyak jetun, wawangian, jeung bungbu-bungbu.

³⁰Tapi anu meunang ngaramu bungbu-bungbu mah ngan golongan imam wungkul.

³¹Matica, putra Salum anu cikal urang Lewi golongan Korah, papancenna kudu gurang-goreng keur kurbankeuneun.

³²Jalma-jalma golongan Kahat saban poe Sabat kudu nyadiakeun roti suci teundeuneun di Bait Allah.

³³Sawareh deui urang Lewi teh aya anu kudu jaradi biduan di Bait Allah.

Pamingpin-pamingpin para biduan caricingna di sababaraha babagan Bait, jeung bebas tina papancen sejaheh, sabab papancen eta mah kudu dijalankeun beurang peuting.

³⁴ Anu ngaran-ngaranna ditataan di luhur bieu kabeh kapala kulawarga urang Lewi sakaruhunna-sakaruhunna masing-masing, jeung jaradi pamingpin pangeusi kota Yerusalem.

³⁵ Yiel ngadegkeun kota Gibon, calikna oge di dinya jeung Maaka, istrina.

³⁶ Putra-putrana nya eta: Abdon cikalna, Sur, Kis, Baal, Ner, Nadab,

³⁷ Gedor, Ahio, Jakaria jeung Miklot.

³⁸ Miklot puputra Simea. Turunan maranehna maratuhna di Yerusalem, deukeut jeung pada dulur anu sakaruhun.

³⁹ Ner puputra Kis, Kis puputra Saul. Saul putrana opat: Yonatan, Malkisua, Abinadab jeung Esbaal.

⁴⁰ Yonatan puputra Meribaal, Meribaal puputra Mika.

⁴¹ Mika putrana opat: Piton, Melek, Tarea jeung Ahas.

⁴² Ahas puputra Yara, Yara putrana tilu: Alemet, Asmawet jeung Simri. Simri puputra Mosa,

⁴³ Mosa puputra Bina, Bina puputra Repaya, Repaya puputra Elasa, Elasa puputra Asel.

⁴⁴ Asel putrana genep: Asrikam, Bokru, Ismail, Sarya, Obaja jeung Hanan.

10¹ Urang Pelisti merangan ka urang Israil di Gunung Gilboa. Balad Israil loba pisan anu tiwas kasambut, anu harirup keneh kalabur, kitu deui Raja Saul sapala putra.

² Tapi ku urang Pelisti diudag terus ditarajang deui sarta harita tilu putra Saul nya eta Yonatan, Abinadab jeung Malkisua tariwas kasambut musuh.

³ Di sakurilingeun Saul perang kacida ragotna, tur anjeunna keuna ku jamparing musuh, tatu parna pisan.

⁴ Anjeunna ngalahir ka budak ngora anu mawa pakarangna, saurna, "Cabut pedang maneh, tableskeun ka kami, bisi kaayaan kami kieu katarenjoeun manten ku itu urang Pelisti umat brahala, tangtu aratoheun." Tapi eta budak ngora teu daekeun, kacida teu wanieunana. Ku sabab kitu Saul nyabut pedang nyalira, bles nubles anjeun.

⁵ Nenjo Saul geus pupus, bles deuih eta budak ngora teh nubles maneh ku pedangna, maot di dinya.

⁶ Saul jeung tilu putrana parupus sapoe reujeung, karajaanana tamat.

⁷ Urang Israil anu maratuh di Lebak Yisrel barang ngadarenge beja yen baladna kalabur tur Saul jeung putra-putrana parupus, tuluy bae kalabur ti pamatuhanana, urutna diandih ku urang Pelisti.

⁸Sanggeus perang enggeusan, urang Pelisti ngalalasruk rek ngarangsadan mayit-mayit. Layon Saul jeung tilu putrana kapanggih di Gunung Gilboa.

⁹Pakarangna dirangsadan, mastakana diteukteuk. Urang Pelisti ngirimkeun utusan-utusan ka sakuliah nagarana, ngembar-ngembar beja anu sakitu pikabungaheunana ka brahala-brahala jeung ka bangsana.

¹⁰Pakarang Saul ku maranehna disimpen di salah sahiji imah pamujaanana, ari mastakana digantungkeun di kuil Dewa Dagon, sesembahanana.

¹¹Barang urang Yabes di wewengkon Gilad ngadarenge beja kalakuan urang Pelisti kitu ka Saul,

¹²seug jalma anu garagah jeung warani arindit nyarokot layon Saul jeung tilu putrana dibawa ka Yabes, dimakamkeun di handapeun hiji tangkal kiara. Geus kitu maranehna paruasa meunang tujuh poe.

¹³Nu matak Saul pupus teh ku lantaran geus henteu satia ka PANGERAN. Henteu tumut kana timbalan-timbalan PANGERAN, anggur mundut pituduh ka arwah jelema anu geus paeh,

¹⁴Iain mundut pituduh ka PANGERAN. Eta sababna ku PANGERAN disina tiwas, karajaanana ku Mantenna diselehkeun ka Daud putra Isai.

11 ¹Geus kitu kabeh kaom Israil daratang ka Daud di Hebron, sarta arunjukan kieu, "Abdi sadaya sareng Gusti tunggal sadaging sagetih.

²Kapungkur, nalika abdi sadaya dirajaan keneh ku Saul, Gusti parantos ngapalaan abdi sadaya dina peperangan. Kawuwuh PANGERAN, Allah panutan Gusti, parantos nangtoskeun yen Gusti bakal jadi pamingpin sareng raja umat Mantenna."

³Sakabeh pamingpin Israil daratang ka Raja Daud di Hebron, sarta anjeunna ngayakeun perjangjian jeung maranehna, kalawan PANGERAN saksina. Seug anjeunna ku maranehna dilisahan dijenengkeun raja nyangking Israil, sakumaha jangji PANGERAN ka Samuel tea.

⁴Raja Daud jeung sakumna bangsa Israil angkat merangan kota Yerusalem, anu kasebutna Yebus. Anu maratuh di dinya nya eta urang Yebus, asli urang dinyana.

⁵Ceuk urang Yebus ka Daud pamohalan anjeunna bisa asup ka kota maranehna, ari heug benteng maranehna nya eta benteng Sion ku Daud karebut. Satuluyna Sion teh kawentar jadi "Kota Daud".

⁶Saur Daud, "Sing saha anu pangheulana bisa maehan urang Yebus, bakal diangkat jadi panglima perang." Seug Yoab putra ibu Seruya ngapalaan narajang, sarta anjeunna jadi panglima.

⁷ Ku sabab eta benteng terus dilinggihan ku Daud, tuluy bae kamashur jadi "Kota Daud".

⁸ Eta kota ku anjeunna diomean sakurilingna, mimiti ti Milo wetaneun pasir nepi ka tepung gelang. Sesana salian ti eta diomeanana diteruskeun ku Yoab.

⁹ Daud beuki lila beuki nanjung, sabab diaping ku PANGERAN, Allah Nu Maha Kawasa.

¹⁰ Ieu daptar prajurit-prajurit Daud anu kamashur. Babarengan jeung urang Israil lianna maranehna ngabantu anjeunna jadi raja, nekanan jangji PANGERAN sarta ngajaga sangkan karajaan anjeunna tetep nanjeur.

¹¹ Nu kahiji Yasobam ti golongan Hakmoni, pamingpin "Tri Wirawan". Sakali prung tarung kungsi bisa maehan tilu ratus musuh ku tumbak.

¹² Nu kadua ti eta tilu pahlawan teh, anu kamashur nya eta Elasar bin Dodo ti golongan Ahohi.

¹³ Sakali mangsa manehna ngabaturan Daud ngayonan urang Pelisti di Pas Damim. Barang geus aya di hiji kebon gandum, urang Israil mimiti kalabur,

¹⁴ tapi manehna jeung bawahana mah tetep tagen ngayonan urang Pelisti di tengah eta kebon, sarta ku PANGERAN disina unggul.

¹⁵ Dina hiji poe, sabot sabubuhan urang Pelisti keur mangkalan di Lebak Repaim, aya tilu prajurit ti prajurit-prajurit anu

kamashurkeun "Si Tilu Puluh" arindit rek nepungan Daud di hiji karang deukeut guha Adulam.

¹⁶ Harita Betlehem keur diandih ku sapasukan urang Pelisti. Ari Daud keur aya di hiji pasir anu dibenteng,

¹⁷ sarta geus ngaraos sono ka lembur, seug bae ngalahir, "Hayang teuing kami dipangalakeun cai keur nginum ti sumur anu di deukeut lawang gapura Betlehem!"

¹⁸ Bral bae eta tilu prajurit teh arindit, tuluy norobos ka pangkalan urang Pelisti, pek nimba ti sumur, caina disanggakeun ka Daud. Tapi tinimbang dileueut, cai teh ku anjeunna dibahekeun kana taneuh, dibaktikeun ka PANGERAN,

¹⁹ sarta anjeunna miunjuk kieu, "Paliyas abdi nginum ieu cai, margi sasat nginum getih eta tilu jalmi anu parantos nandonkeun nyawana." Nu matak eta cai teh ku anjeunna teu dileueut. Kitu kagagahanana eta tilu prajurit teh.

²⁰ Nu jadi kapala "Si Tilu Puluh" nya eta Abisai putra ibu Seruya, rayina Yoab. Abisai kungsi ngayonan tilu ratus urang Pelisti nepi ka paraeh kabeh ditumbakan. Abisai kamashur di antara nu tilu puluh teh.

²¹ Malah ti "Si Tilu Puluh" mah pangdihormatna, turug-turug jadi pamingpinna. Parandene kitu mashur keneh "Tri Wirawan" tea.

²² Benaya bin Yoyada, urang Kabsel, eta oge prajurit kamashur. Loba kagagahanana, kaasup tarungna ngalawan dua satria Moab anu awakna baradag. Sarta sakali mangsa keur turun salju manehna nurunan hiji gorombang, tarung jeung hiji singa, singana dipaehan.

²³ Kungsi deuih niwaskeun hiji urang Mesir anu awakna tangihgul, jangkungna leuwih ti dua meter. Musuhna make tumbak gede pisan, ari Benaya ngan make pepentung. Tumbak urang Mesir teh dibetot, gejos dipake maehan anu bogana.

²⁴ Kitu kagagahan-kagagahan Benaya ti antara "Si Tilu Puluh".

²⁵ Ti "Si Tilu Puluh" mah manehna nonjol pisan. Tapi mashur keneh "Tri Wirawan" tea. Manehna ku Daud dijieun kapetengan pribadi.

²⁶ (11: 26-47) Prajurit-prajurit kamashur anu lianna nya eta: Asahel, raina Yoab; Elhanan bin Dodo, ti Betlehem; Samma, urang Harod; Heles, urang Pelet; Ira bin Ikes, urang Tekoa; Abieser, urang Anatot; Sibkai, urang Husa; Ilai, urang Ahoh; Maharai, urang Netopa; Heled bin Baana, urang Netopa; Itai bin Ribai, urang Gibea wewengkon Binyamin; Benaya, urang Piraton; Hurai, urang lebak Gaas; Abiel, urang Arba; Asmawet, urang Bahurum; Eliahba, urang Saalbon; Hasem, urang Gison; Yonatan bin Sage, urang Harar; Ahiam bin Sakar, urang Harar; Elipal bin Ur;

Heper, urang Mekera; Ahia, urang Pelon;
Hesro, urang Karmel; Naarai bin Esbai; Yoel,
saderek Natan; Mibhar bin Hagri; Selek,
urang Amon; Naharai, urang Berot, purah
mawa pakarang Yoab; Ira jeung Gareb, urang
Yatir; Uria, urang Het; Sabad bin Ahilai; Adina
bin Sisa, jalma penting ti kaom Rubin, boga
pasukan sorangan lobana tilu puluh prajurit;
Hanan bin Maaka; Yosapat, urang Matan;
Usia urang Astera; Sama jeung Yehiel, urang
Arur, duanana bin Hotam; Yediael jeung Yoha,
urang Tis, duanana bin Simri; Eliel, urang
Mahawa; Yeribai bin Elnaam jeung Yosawia
bin Elnaam; Itma, urang Moab; Eliel, Obed
jeung Yaasiel, urang Soba.

27 (11: 26)

28 (11: 26)

29 (11: 26)

30 (11: 26)

31 (11: 26)

32 (11: 26)

33 (11: 26)

34 (11: 26)

35 (11: 26)

36 (11: 26)

37 (11: 26)

38 (11: 26)

39 (11: 26)

40 (11: 26)

41 (11: 26)

42 (11: 26)

⁴³(11:26)

⁴⁴(11:26)

⁴⁵(11:26)

⁴⁶(11:26)

⁴⁷(11:26)

1 2¹ Basa Daud keur di Siklag nyingkahan
Raja Saul, loba pisan anu maturan,
prajurit-prajurit anu beunang diandelkeun tur
loba pangalamanana,

²jalma-jalma ti golongan Saul, papada ti
kaom Binyamin. Kabeh palinter mentang
jamparing, palinter ngabandring boh ku
leungeun katuhu boh ku leungeun kena.

³(12:3-7) Pamingpinna Ahieser bin Semaa
jeung Yoas bin Semaa, urang Gibeia.
Prajurit-prajuritna nya eta: Yesiel bin
Asmawet, Pelet bin Asmawet. Beraka jeung
Yehu, urang Anatot. Yismaya urang Gibon,
prajurit kamashur, salah sahiji pamingpin "Si
Tilu Puluh". Yermia, Yehasiel, Yohanan jeung
Yosabad, urang Gedera. Elusai, Yerimot,
Balya, Semarya jeung Sepaca, urang Harip.
Elkana, Yisia, Asarel, Yuser jeung Yasobam,
ti kaom Korah. Yula bin Yeroham, Sebaja bin
Yeroham, urang Gedor.

⁴(12:3)

⁵(12:3)

⁶(12:3)

⁷(12:3)

⁸Ieu ngaran-ngaran prajurit mashur ti
kaom Gad jeung loba pangalamanana, anu

daratang ngahiji ka pasukan Daud basa anjeunna keur aya di hiji gurun keusik anu geus dibenteng. Kabeh arahli molahkeun kepeng jeung tumbak, tur perongna perong singa, sarta rarikat saperti mencek.

⁹(12: 9-13) Ngaran-ngaranna nurutkeun parelean tingkatanana nya eta: Eser, Obaja, Eliab, Mismana, Yermia, Atai, Eliel, Yohanan, Elsabad, Yermia jeung Makbanai.

¹⁰(12: 9)

¹¹(12: 9)

¹²(12: 9)

¹³(12: 9)

¹⁴Ti antara eta urang Gad aya anu jadi kapala sarebu prajurit, aya nu jaradi kapala saratus prajurit.

¹⁵Dina bulan kahiji dina hiji taun, maranehna mareuntasan Walungan Yordan anu caina keur limpas, narajang ka urang peuntas di lebak-lebak wetaneun jeung kuloneun eta walungan, datang ka anu ditarajangna paburisat.

¹⁶Sakali mangsa aya sapasukan urang Binyamin jeung Yuda datang ka benteng anu dicalikan ku Daud.

¹⁷Daud nyampeurkeun sarta nyaur kieu, "Upama maraneh ka darieu teh rek ngabaturan jeung rek marantuan, atuh sukur, bagea. Yap urang ngahiji! Sabalikna lamun niat dengki rek ngalejokeun kami ka musuh, najan kami taya maksud ngabinasa ge

maraneh mo burung tiwas ku Allah karuhun urang anu maha uninga!"

¹⁸Roh Allah tumerap ka Amasai, salah saurang ti eta pasukan anu engkena ngapalaan "Si Tilu Puluh", seug Amasai ngagero, pokna, "Nun Daud putra Isai, kuring sadaya kagungan anjeun! Mugia anjeun katut anu ngabarantu lulus mulus! Allah anu ngaping anjeun!" Eta pasukan ku Daud dibageakeun, seug dijaradikeun opsi baladna.

¹⁹Ti kaom Menase ge aya prajurit-prajurit anu mareuntas ka pihak Daud, waktu anjeunna ngiring ka urang Pelisti anu rek ngarurug ka Raja Saul. Tapi Daud mah lain rek mantuan perang ka urang Pelisti, katurug-turug raja-raja Pelisti arembungeun kapiluan, dumeh sarieuneun bisi anjeunna belot ka Saul urut gustina, anu matak Daud mah disina mulih deui ka Siklag.

²⁰Prajurit-prajurit kaom Menase anu bariluk ka Daud, anu daratangna waktu anjeunna keur satengahing mulih ka Siklag, nya eta: Adna, Yosabad, Yediael, Mikael, Yosabad, Elihu, jeung Siletai. Di kaom Menase maranehna masing-masing ngabawah sarebu prajurit.

²¹Maranehna tuluy ngabdi ka Daud, jaradi opsi pasukan-pasukan anjeunna, kawantu prajurit-prajurit anu kawentar. Ka dieunakeun

maranehna jaradi opsir angkatan perang Israil.

²² Meh saban poe aya bae jalma-jalma anu daratang milu ka pasukan Daud, atuh balad Daud teh jadi kacida lobana.

²³ (12: 23-37) Waktu Daud geus aya di Hebron, loba pisan prajurit anu arasup ka balad anjeunna, kabeh arasak latih, arek ngabarantuan anjeunna jadi raja ngagentos Saul, sakumaha jangji PANGERAN. Jumlah bilangan baladna: Ti kaom Yuda 6.800 urang anu siap perang, pakarangna kepeng jeung tumbak. Ti kaom Simeon 7.100 urang, geus arasak latih. Ti kaom Lewi 4.600 urang. Ti cangkingan Yoyada turunan Harun 3.700 urang. Ti kulawarga Sadok, nonoman gagah, 22 urang kapala. Ti kaom Binyamin (kaomna Saul) 3.000 urang; kaom Binyamin lolobana mah saratia keneh ka Saul. Ti kaom Epraim 20.800 urang, di kaomna kakoncara. Ti kaom Menase Kulon 18.000 urang beunang meting sina ngabarantu ngarajakeun Daud. Ti kaom Isaskar 200 urang pamingpin katut prajurit cangkinganana masing-masing; ieu para pamingpin paraham ka nu kudu dilampahkeun ku Israil, tur nyaraho kana wanci mustari pikeun ngalampahkeunana. Ti kaom Sebulun 50.000 urang, prajurit-prajurit satia tur beunang diandelkeun, siap perang, palinter molah sarupaning pakarang. Ti kaom Naptali 1.000 urang pamingpin katut 37.000

prajuritna anu pakarangna kepeng jeung tumbak. Ti kaom Dan 28.600 urang anu geus arasak latih. Ti kaom Aser 40.000 urang anu geus siap tempur. Ti kaom-kaom wetaneun Walungan Yordan nya eta kaom Rubin, kaom Gad jeung kaom Menase Wetan 120.000 urang, geus arasak latih molah sarupaning pakarang.

24 (12: 23)

25 (12: 23)

26 (12: 23)

27 (12: 23)

28 (12: 23)

29 (12: 23)

30 (12: 23)

31 (12: 23)

32 (12: 23)

33 (12: 23)

34 (12: 23)

35 (12: 23)

36 (12: 23)

37 (12: 23)

38 Eta prajurit-prajurit anu enggeus siap tempur maruru ka Hebron reujeung tekad seja ngarajakeun Daud sina nyangking sakuliah Israil. Malah urang Israil salian ti maranehna oge kabeh geus satujuan.

39 Sanggeus araya di Daud, maranehna ngaraso meunang tilu poe, balakecrakan beunang mawakeun batur-batur sanagarana.

⁴⁰Anu marawakeunana aya anu ti jauhna ti beulah kaler, nya eta ti kaom Isaskar, Sebulun jeung Naptali, mani merul daratang marawa kalde, onta, bigal jeung sapi, ambaringkung ku dahareun, tipung, buah kondang, kismis, anggur jeung minyak jetun, malah marawa sapi jeung domba peunciteun. Eta teh netelakeun yen di sakuliah nagara rahayat keur saruka hate.

13¹Raja Daud barempag jeung opsir-opsir nu nyangking sarebu prajurit jeung nu saratus prajurit.

²Sanggeus kitu anjeunna ngembarkeun ka sakumna bangsa Israil, "Saupama maraneh rempug, jeung saupama ieu maksud sapagodos jeung pangersa PANGERAN Allah urang, hayu urang nitahan para utusan ka ditu ka dieu, ngondangan dulur-dulur sabangsa anu tinggal, kitu deui para imam jeung urang Lewi di desa-desana, sina ka darieu.

³Geus kitu urang nyokot Peti Perjangjian Allah anu geus lila kateler-teler ti wates Raja Saul."

⁴Jalma rea nyatujuan, malah galumbira.

⁵Gancangna Daud geus ngumpulkeun urang Israil ti ditu ti dieu, ti kidul ti semet Walungan Sihor wates Mesir, nepi ka semet jalan anu bras ka Hamat di beulah kaler, diajak mindahkeun Peti Perjangjian ti Kiryat Yarim ka Yerusalem.

⁶Sanggeus kitu Daud angkat jeung jalma rea ka kota Baala, nya eta ka Kiryat Yarim di wewengkon Yuda, seja nyandak Peti Perjangjian Allah, anu ngagem jenengan PANGERAN, anu ngasta luhureun mukarabin.

⁷Seug Peti Perjangjian teh dikaluarkeun ti imah Aminadab, dimuatkeun kana padati anyar. Padatina diaping ku Usa jeung Ahio,

⁸dipirig ku Daud ngigel jeung jalma rea, tanda hormatna ka Allah, ditarung ku ngarawih jeung narabeuh kacapi, terebang, kecrek jeung tarompet.

⁹Barang narepi ka hiji panggilingan di Kidon, sapi anu narik padati teh tijalikeuh. Usa rikat nyanggap Peti Perjangjian sieuneun eta Peti tiguling.

¹⁰Tapi PANGERAN jadi bendu ka Usa dumeh nyabak eta peti, nepi ka Usa tiwas harita keneh di payuneun PANGERAN.

¹¹Daud kacida ngangresna ningali Usa tiwas ku bebendu PANGERAN, seug eta tempat teh ku anjeunna disebut Peres Usa, nepi ka ayeuna.

¹²Daud jadi kacida sieuneunana ku Allah, seug ngalahir, "Kudu kumaha dibawana ieu Peti Perjangjian teh ku kami?"

¹³Tungtungna eta peti teh ku Daud henteu tulus dicandakna ka Yerusalem, ditunda di imah Obed Edom, asli urang Gat.

¹⁴Meunang tilu bulan ayana di dinya. Sajeroning kitu, saeusimah Obed Edom

jeung sagala pangabogana meunang berkah
ti PANGERAN.

14¹ Raja Hiram ti nagara Tirus ngintunan
balok-balok kai kiputri ka Daud,
reujeung tukang-tukang kayu jeung tukang-
tukang tembokna, sina mangadegkeun
karaton.

²Ku sabab kitu kahartoseun ku Daud yen
anjeunna ku PANGERAN geus diteguhkeun
jadi raja nyangking Israil, sarta karajaanana
ku Mantenna dibeungharkeun pikeun
kabagjaan umat-Na.

³Sanggeus calik di Yerusalem Daud tambah
deui garwa, tambah deui putra istri pameget.

⁴Putra-putra anu diwedalkeunana di
Yerusalem nya eta: Samua, Sobab, Natan,
Suleman,

⁵Yibhar, Elisua, Elpelet,

⁶Nogah, Nepeg, Yapia,

⁷Elisama, Belyada jeung Elipelet.

⁸Barang urang Pelisti ngadarenge beja
yen Daud geus jadi raja nyangking sakuliah
nagara Israil, seug mepek balad rek nangkep
ka anjeunna. Ti dinya Daud budal jeung balad
arek ngayonan.

⁹Urang Pelisti geus araya di Lebak Repaim
jeung geus mimiti rarampog.

¹⁰Daud unjukan ka Allah, "Kumaha eta
urang Pelisti teh kedah dilawan? Kumaha
abdi tiasa unggul?" "Pek perangan!" waler

PANGERAN. "Ku Kami rek diselehkeun ka maneh."

¹¹ Seug eta urang Pelisti teh ku Daud diperangan di Baal Perasim, dielehkeun. Anjeunna ngalahir kieu, "Allah geus ngersakeun aing bisa ngabedah balad musuh lir upama banjir." Nu matak eta tempat ku anjeunna dingaranan Baal Perasim.

¹² Waktu urang Pelisti kalabur, brahalabrahalana kataringgaleun, ku Daud dipiwarang diduruk.

¹³ Tapi teu lila urang Pelisti teh murubul deui ka eta lebak jeung geus mimiti raranjah deui.

¹⁴ Daud unjukan deui ka Allah. Ari waleran Allah, "Narajangna ulah ti beulah dieu, kudu nguriling ka beulah ditu ti tukangeunana, ti lebah gumplukan tangkal baka.

¹⁵ Lamun geus aya sora pabuis di pucuk-pucuk tangkal baka, maneh kudu gancang narajang, sabab Kami bakal maju ti heula ngelehkeun balad Pelisti."

¹⁶ Sakumaha timbalan Allah ku Daud ditumutkeun, sarta anjeunna hasil iasa ngusir balad Pelisti ti semet Gibon meh nepi ka Geser.

¹⁷ Daud jadi kagurnita ka mana-mana, sarta bangsa-bangsa sejen ku PANGERAN disina sarieuneun ku anjeunna.

15¹ Keur anggoeunana Daud ngadamel gedong-gedong di Kota Daud. Tempat

keur Peti Perjangjian Allah oge ngadamel,
katut jeung kemahna.

²Sanggeus kitu saurna, "Peti Perjangjian
teh digotongna ngan kudu ku urang Lewi,
sabab ngan maranehna anu ku PANGERAN
geus dipilih purah ngagotongna jeung purah
ngalalayananana teh, sapapanjangna."

³Seug Daud marentah ngumpulkeun
sakumna bangsa Israil ka Yerusalem, rek
mindahkeun Peti Perjangjian ka tempat anu
geus disadiakeun ku anjeunna.

⁴Jalma-jalma turunan Harun jeung urang
Lewi ku anjeunna diondang.

⁵Urang Lewi anu datang ti golongan Kahat
120 urang, pamingpinna Uriel;

⁶ti golongan Merari 220 urang, pamingpinna
Asaya;

⁷ti golongan Gerson 130 urang, pamingpinna
Yoel;

⁸ti golongan Elisapan 200 urang,
pamingpinna Semaya;

⁹ti golongan Hebron 80 urang, pamingpinna
Eliel;

¹⁰ti golongan Usiel 112 urang, pamingpinna
Aminadab.

¹¹Daud nyaur Imam Sadok, Imam Abyatar,
jeung pamingpin urang Lewi anu genepan
tadi, nya eta Uriel, Asaya, Yol, Semaya, Eliel,
jeung Aminadab,

¹²saurna ka maranehna, "Sarampean
pamingpin golongan-golongan Lewi geura

susuci jeung sakumna urang Lewi, pikeun mawa Peti Perjangjian GUSTI Allah Israil ka dieu, ka tempat beunang kaula nyadiakeun.

¹³Bareto eta Peti digarotongna lain ku sarampean, nepi ka urang dihukum ku Gusti PANGERAN, lantaran ngabakti ka Mantenna teh henteu make tatakrama samistina."

¹⁴Prak eta imam-imam jeung urang Lewi susuci, supaya meunang mindahkeun Peti Perjangjian GUSTI Allah Israil.

¹⁵Sanggeus kitu Peti teh digotong ku urang Lewi make rancatan, prakprakanana sakumaha katangtuan ti PANGERAN anu diandikakeun ka Musa tea.

¹⁶Para pamingpin urang Lewi ku Daud dipiwarang ngumpulkeun biduan-biduan urang Lewi, pikeun ngawihkeun lagu-lagu gumbira jeung pikeun narabeuh kacapi jeung kecrek.

¹⁷(15:17-21) Seug jalma-jalmana ku maranehna dipilih ti warga-warga anu baroga biduan, pikeun narabeuh kecrek tambaga. Nu kapilih: Heman bin Yoel jeung dulurna, Asap bin Berekya, jeung Etan bin Kusaya ti kaom Merari, dibantu ku urang Lewi sejenna anu kudu narabeuh kacapi sora luhur nya eta: Jakaria, Yaasiel, Semiramot, Yehiel, Uni, Eliab, Maaseya jeung Benaya. Pikeun narabeuh kacapi sora gede, urang Lewi anu kapilih: Matica, Elipelehu, Mikneya, Asasia,

jeung duaan deui: Obed Edom jeung Yehiel tukang ngajaraga Bait Allah.

¹⁸(15: 17)

¹⁹(15: 17)

²⁰(15: 17)

²¹(15: 17)

²²Kenanya ahli lalaguan, diangkat kudu mingpin tukang nabeuh.

²³(15: 23-24) Berekya, Elkana, Obed Edom jeung Yehia dipilih kudu ngajaraga Peti Perjangjian. Imam-imam Sebanya, Yosapat jeung Elieser kapilih kudu nariup tarompet heulaeun Peti Perjangjian.

²⁴(15: 23)

²⁵Bral Daud angkat ka imah Obed Edom diiring ku para pamingpin jeung para panglima, arek nyandak Peti Perjangjian. Kabeh kacida galumbirana.

²⁶Sangkan pasti aya pitulung PANGERAN ka urang Lewi anu kudu ngagotong Peti tea, maranehna ngurbankeun tujuh sapi jalu jeung tujuh domba.

²⁷Daud, tukang-tukang nabeuh jeung Kenanya pamingpinna sarta urang Lewi anu ngagotong Peti Perjangjian, kabeh dijarubah lenen lemes. Daud mah nganggo epod ongkoh.

²⁸Peti Perjangjian digotong ka Yerusalem, diiring ku sakumna bangsa Israil dipirig ku surak ayeuh-ayeuhan pabaur jeung sora

tatabuhan, tarompet, tarompet tanduk, kecrek jeung kacapi anu ngalagu.

²⁹ Barang gotongan Peti geus aya di dayeuh, Mikal binti Saul nempo tina jandela, ret ningali Raja Daud keur rerengkenekan jeung ajrug-ajrugen nembongkeun kagumbiraan, rey bae jadi asa cua ka anjeunna.

16¹ Peti Perjangjian diasupkeun ka jero kemah anu disadiakeun ku Daud tea, dipernahkeun. Tuluy ngahaturkeun kurban beuleuman jeung kurban karapihan ka Allah.

² Beres ngahaturkeun kurban-kurban, Daud ngaberkaahan jalma rea nyebut pajenengan PANGERAN,

³ tuluy ngabagikeun kadaharan, unggal jelema di Israil lalaki awewe ditaragi roti sasiki, daging sakeureut jeung kismis.

⁴ Aya urang Lewi anu ku Daud diangkat purah mingpin ibadah ka PANGERAN Allah Israil hareupeun Peti Perjangjian, purah nyanggakeun lagu jeung pupujian.

⁵ Asap pamingpinna, dibantu ku Jakaria. Ari Yiel, Semiramot, Yehiel, Matica, Eliab, Benaya, Obed Edom, jeung Yiel, purah nabeuh kacapi, Asap purah nabeuh kecrek.

⁶ Ari Imam Benaya jeung Imam Yehasiel dibakukeun niup tarompet hareupeun Peti Perjangjian.

⁷ Asap sabatur-batur papada urang Lewi mimiti poe eta dibakukeun ku Daud

purah nyanggakeun lagu-lagu pupujian ka PANGERAN.

⁸Puji sukur ka PANGERAN, gurnitakeun kaagungana-Na. Caritakeun ka bangsa-bangsa sagala dadamelan Mantenna.

⁹Sanggakeun puji ka PANGERAN, gurnitakeun mujijat-Na nu araheng.

¹⁰Sing saruka, urang jadi umat Mantenna. Sing barungah nu ngarabdi ka Mantenna.

¹¹Deuheusan PANGERAN, sambat pitulung-Na, jeung tong petot-petot ngabakti.

¹²(16: 12-13) Eh anak incu Yakub abdi-abdi Allah, eh anak incu Israil petingan Allah! Ingetkeun sagala mujijat Mantenna, jeung kaadilana-Na ka urang!

¹³(16: 12)

¹⁴PANGERAN Allah urang teh parentah-Na keur sajagat buana.

¹⁵Pacuan poho kana jangji Allah, jangji nu henteu barobah,

¹⁶jangji-Na anu kedal ka Ibrahim, anu diikrarkeun ka Ishak.

¹⁷PANGERAN kedal jangji ka Yakub anu salawasna moal barobah.

¹⁸"Kami ka maneh rek mere tanah Kanaan, jadi tanah milik maneh," kitu pangandika-Na.

¹⁹Harita di Kanaan teh umat Allah can sabaraha tur ngumbara keneh,

²⁰ti nagara itu ka nagara ieu, ti karajaan itu ka karajaan ieu.

²¹ Tapi maranehna ku Allah diraksa, urang dinya dilarang ngaganggu, raja-rajana diancam:

²² "Pacuan jail ka umat Kami, pacuan jahat ka nabi-nabi Kami!"

²³ Puji PANGERAN eh jagat buana!
Caritakeun saban poe beja hade: Kami geus salamet ku Mantenna.

²⁴ Kamulyaan Mantenna caturkeun ka kabeh bangsa, dadamelan aragung-Na caturkeun ka sarerea.

²⁵ PANGERAN kalangkung agung, pujieun kaliwat saking, Mantenna kudu dihormat leuwih ti sakabeh nu dipiallah.

²⁶ Bangsa sejen mah allahna teh aallahan, ari PANGERAN mah nu ngadamel langit.

²⁷ Mantenna dikubeng ku kamulyaan jeung kaagungan, kakawasaan jeung kasukaan ngeusian tempat linggih-Na.

²⁸ Puji PANGERAN, eh manusa saeus bumi!
Puji kamulyaan jeung kadigjayaan Mantenna.

²⁹ Agungkeun jenengan PANGERAN nu mulya, sanggakeun pangbakti, datangan Bait-Na. Ana Mantenna ebreh pinton kasucion, geuwat sarujud payuneun PANGERAN.

³⁰ Eh jagat, sing gumeter di payuneun Mantenna! Bumi pageuh dina tempatna, hamo bisa dieserkeun.

³¹ Sing saruka eh bumi jeung langit!
Gurnitakeun ka bangsa-bangsa: PANGERAN jumeneng Raja.

³² Sing gumuruh laut jeung saeusina! Sing saruka tegalan jeung saeusina!

³³ Tatangkalan di leuweung bakal sarurak, lamun Mantenna geus rawuh rek marentah jagat.

³⁴ Kudu nganuhunkeun ka PANGERAN, nuhun ku kasaean-Na. Asih-Na langgeng sapapanjangna.

³⁵ Geura sasambat, "Nun Allah Gusti nu jadi Jurusalamet, rahayukeun abdi sadaya, hijikeun, sareng jait ti bangsa-bangsa, sangkan abdi sadaya maruji sukur, sareng ngamulyakeun pajenengan anu suci."

³⁶ Puji PANGERAN, Allah Israil! Puji, ti ayeuna nepi ka salalanggenga! Tutas eta lagu pupujian, jalma rea ngucapkeun, "Amin," sarta ngamulyakeun ka PANGERAN.

³⁷ Asap sabatur-batur papada urang Lewi ku Daud ditetepkeun jadi purah ngajalankeun tugas babakti di tempat panyimpenan Peti Perjangjian, anu kudu dilampahkeun unggal-unggal poe,

³⁸ dibantu ku Obed Edom bin Yedutun sabatur-batur anu genep puluh dalapan urang tea. Hosa jeung Obed Edom dibakukeun purah jaga lawang-lawang.

³⁹ Imam Sadok jeung para imam lianna dibakukeun purah ngajalankeun tugas babakti ka PANGERAN di Gibon.

⁴⁰ Uggal isuk jeung unggal sore kudu nyanggakeun kurban beuleuman dina altar,

sakumaha anu dimistikeun dina Hukum anu ku PANGERAN diturunkeun ka Israil.

⁴¹ Heman jeung Yedutun oge ditugaskeun di dinya jeung babaturanana anu ngahaja dipilih purah nyanggakeun pupujian ka PANGERAN, nganuhunkeun kana kasaeana-Na.

⁴² Heman jeung Yedutun kudu ngatur nu narabeuh tatabeuhan paragi ngiring lagu-lagu pamuji sukur, tarompet, kecrek jeung tatabeuhan lianna. Jalma-jalma kaom Yedutun lianna dibakukeun purah jaraga lawang-lawang.

⁴³ Sanggeus kitu kakara jalma-jalma teh baralik. Daud oge mulih nepangan eusi bumina.

17 ¹Raja Daud calikna geus di karaton. Dina hiji poe anjeunna ngala Nabi Natan, geus kitu ngalahir, "Tingali, kaula parantos cicing di karaton tina kai kiputri, ari Peti Perjangjian PANGERAN ngan di jero kemah!"

²Piunjuk Natan, "Atuh mangga pidamel kumaha kersa, da Gusti teh disareengan ku Allah."

³Tapi dina peutingna Allah nimbalan ka Natan, dawuhana-Na,

⁴"Bejakeun ieu pangandika ka Daud abdi Kami, kieu, Gedong keur panglinggihan Kami dijieunna ulah ku maneh.

⁵Ongkoh ti barang Kami ngajait urang Israil ti Mesir, nepi ka kiwari oge cicing teh lain di gedong, tapi di kemah jeung pipindahan.

⁶Jeung sapanjang reureujeungan jeung urang Israil, ka para pamingpin beunang Kami ngangkat, Kami teu menta dipangnyieunkeun gedong tina kai kiputri.

⁷Jadi pangbejakeun ku maneh ka abdi Kami Daud, kieu kituh timbalan Kami, PANGERAN Nu Maha Kawasa, Maneh teh ku Kami dipulung ti tegal, tina asal tukang ngajaga domba diangkat jadi raja nyangking umat Kami Israil.

⁸Kami geus nulungan ka maneh ka mana bae maneh indit. Unggal maneh maju tarung, musuh maneh ku Kami dielehkeun. Maneh ku Kami rek dijieun kamashur saperti para pamingpin anu panggedena di dunya. Indit ka mana bae maneh ku Kami diaping. Unggal maneh indit ngarurug, musuh maneh ku Kami dielehkeun.

⁹(17: 9-10) Sarta umat Kami Israil, ku Kami geus dipangnyadiakeun tempat, geus disina maratuh di dinya jeung moal aya anu neungteuinganan deui. Enggeus sering maranehna ditarajang ku bangsa-bangsa anu barengis ti saprak arasup ka ieu tanah. Tapi ti semet ayeuna mah moal deui. Kami jangji rek ngelehkeun sakabeh musuh maneh, sarta maneh rek dibere turunan.

¹⁰(17: 9)

¹¹ Di mana maneh geus mulang ti dunya ngahiji jeung karuhun-karuhun, aya anak maneh saurang anu ku Kami rek dijieuun raja, sarta karajaanana ku Kami rek dikersakeun sina nanjung.

¹² Nya anak maneh anu eta anu bakal mangnyieunkeun gedong pikeun Kami, sarta karajaan turunanana moal aya kandegna sapapanjangna.

¹³ Sarta Kami pijadieun Ramana, ari manehna pijadieun putra Kami. Pangdeudeul ti Kami ka manehna moal eureun-eureun, moal dipegatkeun cara ka Saul anu ku Kami digulingkeun sangkan maneh jadi raja gantina.

¹⁴ Manehna baris dijenengkeun ku Kami sina ngurus umat Kami jeung nyekel karajaan Kami salalanggengna. Karajaan turunanana moal aya kandegna."

¹⁵ Eta pangandika wahyu ti Allah ku Natan dicarioskeun ka Daud.

¹⁶ Ti dinya Raja Daud lebet ka Kemah Tepangan PANGERAN, brek mando tuluy neneda, "Nun GUSTI Allah, sayaktosna abdi sareng saeusi rorompok henteu layak nampi sugri pangasih Gusti.

¹⁷ Ayeuna ku Gusti bade dipaparin deui langkung ti nu parantos, sareng dipaparin jangji perkawis pijagaeun pun anak. Abdi ku Gusti dijadikeun saharkat sareng jalma anu aragung, nun GUSTI Allah.

¹⁸Kedah kumaha abdi nya nganuhunkeun!
Gusti langkung uninga abdi teh kumaha,
nanging dugi ka dipaparin kamulyaan sakieu,
padahal abdi teh mung gandek.

¹⁹Eta sagala perkawis anu aragung, anu
parantos diuningakeun ti payun ka diri abdi,
estu parantos kitu pangersa sareng tujuan
Gusti.

²⁰Nun PANGERAN, Gusti teh teu aya
sasamina. Ti kapungkur keneh abdi sadaya
terang yen mung Gusti anu jumeneng Allah.

²¹Di dunya teu aya bangsa anu sapertos
bangsa Israil, anu ku Gusti parantos dijait
tina harkat badega lajeng didamel umat
kagungan. Sugri padamelan Gusti anu sakitu
arahengna sareng aragungna parantos
kagurnita ka saalam dunya. Eta umat
kagungan teh ku Gusti dijait ti Mesir, sarta
saban maranehna maju, bangsa-bangsa
sanes ku Gusti disingkirkeun.

²²Urang Israil dipidamel jadi umat Gusti
salalanggengna, sareng Gusti, PANGERAN,
jadi Allah maranehna.

²³Nun Gusti PANGERAN, sugri jangji Gusti
hal diri sareng turunan abdi, kitu deui sugri
perkawis anu parantos diandikakeun tea,
mugi-mugi diyaktoskeun.

²⁴Gusti bakal tambih kamashur, moal petot-
petot disarebat ku jalmi-jalmi, PANGERAN
Nu Maha Kawasa jumeneng Allah Israil. Mugi

Gusti ngalanggengkeun karajaan turunan abdi.

²⁵ Nun Allah panutan, abdi parantos kumawantun ngunjukkeun ieu panuhun ka pangersa Gusti, reh eta sugri perkawis ku Gusti parantos diwartoskeun ka jisim abdi, gandek Gusti, sareng Gusti parantos nimbalan yen turunan abdi bakal jarumeneng raja.

²⁶ Gusti teh Allah, nun PANGERAN, anu parantos maparin ieu jangji anu sakieu ahengna.

²⁷ Mugi berkah turunan abdi, masing tetep aya dina aub-aub sih kurnia Gusti. Nun PANGERAN, Gusti parantos ngedalkeun berkah ka maranehna, eta berkah Gusti tinangtos bakal ngancik salalanggengna di maranehna."

18¹ Hiji mangsa Raja Daud merangan deui urang Pelisti. Urang Pelisti ditalukkeun. Kota Gat jeung desa-desa sakurilingna ku anjeunna dijabel.

² Urang Moab oge ku anjeunna dielehkeun jadi bawahana sarta kudu mayar upeti.

³ Sanggeus eta anjeunna ngelehkeun Raja Hadad Eser ti Soba, hiji nagara di tanah Siria deukeut wewengkon Hamat, lantaran Hadad Eser rek ngarebut wewengkon Eprat Girang.

⁴ Daud ngarebut sarebu kareta, tujuh rebu nu tarumpak kuda jeung dua puluh rebu prajurit badarat. Ari kudana dirampas

sacukupna pikeun narik saratus kareta,
sesana kabeh dibajegan sukuna.

⁵Urang Siria ti Damsik ngirimkeun bala
bantuan rek nulungan ka Raja Hadad Eser,
tapi eta oge dielehkeun sarta baladna anu
tiwas ku anjeunna aya dua puluh dua rebu
urang.

⁶Daud nempatkeun pos-pos tentara di
wewengkon maranehna, sarta maranehna
jadi tatalukan anjeunna, dikeunaan upeti. Di
mana-mana Daud ku PANGERAN dikersakeun
unggul bae.

⁷Daud ngarampas kepeng-kepeng emas anu
diparake ku gegeden-gegeden Hadad Eser,
dicandak ka Yerusalem.

⁸Ti Tibhat jeung Kun, nya eta dua nagara
anu dirajaan ku Hadad Eser, anjeunna
nyandak tambaga loba pisan. (Eta tambaga
keur jaman Raja Suleman engke dijieun
tatalagaan tambaga, pilar-pilar jeung
paparabotan tambaga pikeun kaperluan Bait
Allah.)

⁹Perkara elehna Hadad Eser sabaladna
kadangu ku Raja Toi ti nagara Hamat.

¹⁰Eta raja ngutus Yoram putrana ngintun
salam ka Daud, ngawilujengkeun ka anjeunna
geus iasa ngelehkeun Hadad Eser, sabab
Hadad Eser sering pisan merangan ka
anjeunna. Sajaba ti kitu Yoram nyanggakeun
kikintun, barang-barang tina emas, perak
jeung tambaga.

¹¹ Eta barang-barang ku Raja Daud disucikeun paranti babakti ka PANGERAN, dihijikeun jeung emas perak beunang ngajabel ti bangsa-bangsa anu dielehkeun ku anjeunna, nya eta ti Edom, Moab, Amon, Pelisti jeung Amalek.

¹² Abisai putra ibu Seruya ngelehkeun urang Edom di Lebak Uyah, maehan dalapan belas rebu serdadu,

¹³ jeung di sakuliah Edom anjeunna nempatkeun pangjagaan-pangjagaan, sarta urang Edom dijadikeun patalukan Raja Daud. Di mana-mana Daud ku PANGERAN didamel unggul.

¹⁴ Daud ngereh sakuliah tanah Israil, sarta anjeunna ngajagi pisan supaya iasa adil palamarta ka rahayat.

¹⁵ Nu jadi panglima perangna nya eta Yoab saderek Abisai. Nu jadi papatihna Yosapat bin Ahilud.

¹⁶ Imam-imamna Sadok bin Ahitub jeung Ahimelek bin Abyatar. Paniterana Seraya.

¹⁷ Kapetenganana Benaya bin Yoyada. Ari putra-putra Daud mareunang kalungguhan anu utama, ngabantu ka anjeunna.

19¹ Dina hiji mangsa raja Amon anu jenenganana Nahas pupus, diganti ku putrana, Hanun.

² Saur Daud, "Kami rek nembongkeun ka Hanun yen seja midulur, sabab Nahas ramana hade ka kami." Daud ngintun utusan ka ditu,

pikeun nawiskeun bela sungkawa. Sanggeus utusan-utusan teh daratang ka Hanun,

³para gegeden Amon arunjukan ka rajana, "Naha leres Daud ngintun ieu utusan-utusan teh tawis mikatineungna ka tuang rama suwargi? Sayaktosna eta teh bade nalengteng nagara urang, ngarah gampil nempuh."

⁴Eta utusan-utusan ku Hanun ditangkep, janggotna dikurudan, pakeanana diguntingan lebah biritna, tuluy sina baralik.

⁵Atuh kacida areraeunana, nepi ka teu kadarugaeun terus balik. Sanggeus kadangu ku Raja Daud, maranehna dipiwarang narunggu heula di Yeriho, ngadarago janggotna jaradi deui.

⁶Raja Hanun jeung urang Amon geus rumasa yen ngahaja ngamusuh ka Daud. Tuluy nyewa kareta perang jeung nu tarumpakna ti Mesopotami Girang, jeung ti Maaka jeung Soba dua kota di nagara Siria, dibayarna ku perak tilu puluh opat rebu kilo.

⁷Kareta anu disewa lobana tilu puluh dua rebu, geus datang jeung balad raja nagara Maaka, masanggrahan deukeut Medeba. Urang Amon ge geus budal ti unggal kota, geus sadia perang.

⁸Sanggeus Daud uningaeun tuluy nimbalan ka Yoab sina ngetrukkeun balad.

⁹Urang Amon geus taki-taki di lawang kota Raba, ibukota Amon, ari raja-raja anu rek mantuanana geus saradia di luar kota.

¹⁰Kajudi ku Yoab yen anjeunna rek digencet ti hareup jeung ti tukang. Gancang meting serdadu-serdadu Israil, rek dipake ngayonan urang Siria.

¹¹Balad sesana dipercayakeun ka Abisai rayina, sina ngayonan urang Amon.

¹²Saur Yoab ka rayina, "Lamun Akang kadeseh ku urang Siria, Rayi kudu buru-buru mantuan. Upama Rayi kadeseh ku urang Amon, ku Akang dibantu.

¹³Sing teteg, hayu urang sakuat-kuat ngabela bangsa jeung nagara Allah urang. Mugia laksana pangersa PANGERAN."

¹⁴Prung pasukan Yoab narajang, urang Siria kalabur.

¹⁵Nyaho urang Siria kalabur, urang Amon oge kalabur ti Abisai, maribus deui ka nagarana. Sanggeus kitu Yoab mulang ka Yerusalem.

¹⁶Sanggeus tetela yen kateter ku urang Israil, urang Siria ngumpulkeun deui kakuatan ti dayeuh-dayeuh nagarana anu di wetaneun Walungan Eprat, dipingpin ku Sobak, panglima perang Raja Hadad Eser ti Soba.

¹⁷Daud geus uninga, seug mepek balad Israil, tuluy meuntasan Walungan Yordan muru ka balad urang Siria. Sanggeus campuh,

¹⁸urang Siria kadeseh ku urang Israil. Tujuh rebu urang Siria ti pasukan kareta jeung opat puluh rebu serdadu leumpangna tiwas ku

Raja Daud sabaladna. Sobak panglima perang urang Siria oge tiwas.

¹⁹Sanggeus tetela kasoran ku urang Israil, raja-raja anu kaereh ku Raja Hadad Eser marenta taluk ka Daud, tuluy jadi erehan anjeunna. Ti dinya mah urang Siria kapok ngabantu ka urang Amon.

20¹Dina hiji mangsa waktu ganti taun, usum raja-raja budal perang, Yoab nyandak balad ngarurug ka tanah Amon. Raja Daud henteu ngiring, aya di Yerusalem. Kota Raba geus dikepung tuluy ditarajang diruksakkeun.

²Arca batara Molek aallahana urang Amon anu make makuta emas beuratna aya kana tilu puluh opat kilona jeung make permata, permatana ku Daud dicandak, tuluy dipasangkeun kana makutana ku anjeun. Daud nyandak jarahan kacida lobana ti eta kota.

³Jalma-jalmana ku anjeunna dipaksa digarawekeun, parabotna ragaji, pacul jeung kampak. Urang Amon di kota-kota sejenna oge dipaksa digarawekeun saperti kitu. Sanggeus kitu Daud sabaladna mulih ka Yerusalem.

⁴Geus kitu aya perang deui jeung urang Pelisti di Geser. Harita Sibkai urang Husa maehan hiji raksasa ngaran Sipai, sarta urang Pelisti perangna eleh.

⁵ Waktu aya perang deui jeung urang Pelisti, Elhanan bin Yair maehan Lahmi, raksasa dulurna Goliat urang Gat tea, anu kandel bahu tumbakna sarua jeung pihanean.

⁶ Aya deui perang di Gat. Di dinya aya hiji raksasa turunan raksasa baheula, ramo leungeun jeung ramo sukuna genep-genep.

⁷ Eta raksasa kacida nyapirakeunana ka urang Israil. Seug dipaehan ku Yonatan bin Syama rakana Daud.

⁸ Eta tilu raksasa anu dipaehan ku Daud jeung abdi-abdina, kabeh turunan raksasa-raksasa Gat.

21 ¹ Setan rek nyilakakeun urang Israil, ngangsonan ka Daud sina ngayakeun cacah jiwa.

² Daud nimbalan ka Yoab jeung opsir-opsir saurna, "Papay satanah Israil ti tungtung nepi ka tungtung, itung cacah jiwana, hayang nyaho sabaraha lobana."

³ Piunjuk Yoab, "Mugi urang Israil ku PANGERAN dijadikeun saratus kalieun ti ayeuna seueurna. Sadayana ge kagungan Sang Raja. Ku naon Sang Raja mundut anu matak jadi kalepatan sakumna bangsa?"

⁴ Tapi saur raja, teu meunang henteu Yoab kudu ngajalankeun timbalanana. Bral Yoab angkat ka sakuliah nagara Israil. Tuluy mulang ka Yerusalem,

⁵ ngahaturkeun cacah jiwa ka Raja Daud. Rahayat anu pantes keur angkatan perang,

di Israil aya 1.100.000 urang, di Yuda aya 470.000 urang.

⁶Kaom Lewi jeung kaom Binyamin ku Yoab henteu diitung, sabab anjeunna henteu resepeun kana pamundut rajana.

⁷Perkara Daud midamel kitu henteu sapagodos jeung pangersa Allah. Nu matak Israil ku Mantenna ditibanan hukuman.

⁸Daud unjukan ka Allah, "Kalakuan abdi teh hiji dosa kalintang ageungna. Mugi Gusti ngahapunten eta kalakuan abdi anu teu puguh."

⁹PANGERAN nimbalan ka Gad, jurutingal Daud,

¹⁰"Bejakeun ka Daud, Kami mere tilu rupa piliheun. Rek milih nu mana, ku Kami rek diturut."

¹¹Gad marek ka Daud ngunjukkeun timbalan PANGERAN. Tuluy miunjuk, "Hoyong anu mana?

¹²Bade milih paceklik tilu taun? Bade milih kakaburan tilu sasih nyingkahan balad musuh? Atanapi bade milih diamuk ku pedang PANGERAN tilu dinten, nya eta ku sasalad anu ngaruksak ieu tanah, anu disebarkeun ku malaikat Mantenna ka sakuliah Israil dugi ka rahayat maraot? Mana anu ku abdi kedah diunjukkeun ka PANGERAN?"

¹³Waler Daud ka Gad, "Kaula kacida bingungna! Tapi tinimbang cilaka ku pada jalma, kaula mending pasrah ka PANGERAN.

Naon bae hukuman ti Mantenna kaula tarima, da Mantenna mah sipat welas."

¹⁴Ti dinya PANGERAN narajangkeun sasalad ka urang Israil nepi ka aya 70.000 urang anu tiwas.

¹⁵Geus kitu Mantenna miwarang hiji malaikat sina ngaruksak ka Yerusalem. Tapi manah-Na kabujeng welas, tuluy nimbalan ka eta malaikat, "Meugeus, cukup!" Reg malaikat teh ngajanteng palebah panggilingan bogana Arauna urang Yebus.

¹⁶Breh eta malaikat teh katingalieun ku Daud keur nangtung di awang-awang, mesat pedang rek mimiti ngaruksak ka Yerusalem. Brek Daud jeung para pamingpin anu harita geus ngaranggo karung sarujud.

¹⁷Daud tuluy sembahyang, "Nun Allah! Abdi anu lepatna, parantos marentah ngayakeun cacah jiwa. Rahayat mah naon lepatna? Nun Gusti PANGERAN, mangga hukumanana larapkeun ka jisim abdi sakulawarga, umat Gusti mah masing rahayu."

¹⁸Malaikat PANGERAN nimbalan ka Gad, supaya Daud ngadegkeun hiji altar haturan PANGERAN di panggilingan bogana Arauna.

¹⁹Sanggeus ku Gad diunjukkeun, prak Daud midamel sakumaha timbalan PANGERAN.

²⁰Ari Arauna jeung opat urang anakna harita keur ngagiling gandum di panggilinganana, ana breh arawaseun ka malaikat tea, anakna lalumpatan nyarumput.

²¹ Ari Arauna barang nenjo aya Raja Daud sumping buru-buru ninggalkeun panggilingan tuluy sujud ka Daud.

²² Saur Daud ka manehna, "Kami hayang meuli panggilingan maneh, rek diadegan altar haturan PANGERAN supaya sasalad eureun. Ku kami tangtu dibayar sahargana."

²³ "Sumangga Gusti, candak bae," piunjuk Arauna. "Mangga pidamel kumaha pangersa. Sapi kurbankeuneun dina eta altar, ieu nyanggakeun sareng pasangan-pasanganana kangge suluhna, sareng ieu gandum kangge kurban candak bae sadayana."

²⁴ Saur raja, "Ulah kitu, ku kami rek dibayar sakumaha pantesna. Rek ngurban ka PANGERAN teh hayang beunang meuli, embung beunang pamere."

²⁵ Tuluy eta panggilingan teh ku anjeunna digaleuh genep ratus uang emas.

²⁶ Geus kitu anjeunna ngadamel altar di dinya haturan PANGERAN, prak ngahaturkeun kurban beuleuman jeung kurban karapihan. Anjeunna sasambat ka PANGERAN sarta dimakbul, gur seuneu ti awang-awang ngaduruk kurban dina eta altar.

²⁷ PANGERAN lajeng nimbalan sangkan malaikat tea nyarungkeun pedangna, seug malaikat teh nyarungkeun pedangna.

²⁸ Daud geus waspaoseun yen panyambatna ditampi ku PANGERAN, tuluy nyanggakeun

deui kurban dina eta altar di urut panggilingan Arauna.

²⁹ Ari Kemah Tepangan PANGERAN beunang ngadamel Musa di tanah gurun tea jeung altarna paragi ngaduruk kurban, harita mah masih keneh di tempat ibadah di Gibon.

³⁰ Tapi Daud teu wantuneun angkat ngurban ka ditu, sieuneun ku pedang malaikat PANGERAN tea.

22¹ Geus kitu Daud sasauran, "Nya di dieu pitempateunana Bait GUSTI Allah teh. Nya di dieu pitempateunana altar paragi urang Israil ngaduruk kurban-kurban teh."

²Raja Daud marentah ngumpulkeun jalma-jalma anu ngumbara di tanah Israil, tuluy digarawekeun. Sawareh disina natah batu-batu pikeun adegan Bait Allah.

³Anjeunna geus sadia beusi pirang-pirang lobana keur nyieun paku jeung engsel pikeun panto kai. Tambaga oge sadia kacida lobana nepi ka moal bisa ditimbang.

⁴Ka urang Tirus jeung Sidon anjeunna mundut balok-balok kai kiputri kacida lobana.

⁵Panggalihna, "Bait Allah buatan anak aing teh kudu aheng, kudu matak mashur ka saalam dunya. Anak aing budak keneh jeung can aya kanyahona, jadi ku aing kudu dipangnyadiakeun bahan-bahanna." Nu matak samemeh pupus teh Daud nyayagikeun heula bahan-bahan adegan kacida lobana.

⁶Suleman putrana disaur, ditimbalan ngadamel gedong pikeun PANGERAN, Allah Israil.

⁷Kieu saur Daud ka putrana, "Anaking, Ama teh hayang nyieun gedong pikeun ngamulyakeun ka PANGERAN, Allah Ama.

⁸Tapi PANGERAN teu masihkeun Ama nyieun eta gedong keur Mantenna, sabab timbalana-Na Ama teh geus loba teuing maehan, sering teuing perang, loba teuing ngocorkeun getih batur.

⁹Tapi Mantenna jangji ka Ama, timbalana-Na, Maneh bakal boga anak anu bakal jadi raja jeung moal kasorang ku perang, ku Kami rek dikertakeun, moal disina didatangan ku musuh. Ari pingaraneunana Suleman, sabab sapanjang dirajaan ku manehna, Israil ku Kami rek disina aman santosa.

¹⁰Nya manehna engke anu bakal nyieun gedong pikeun Kami. Manehna pijadieun putra Kami, Kami pijadieun Ramana. Turunanana pijadieun raja Israil sapapanjangna."

¹¹Daud terus keneh sasauranana, "Mugia PANGERAN, Allah hidep, nyarengan ka hidep, Anaking! Mugia Mantenna ngalaksanakeun jangji-Na sangkan hidep bisa ngadegkeun eta gedong pikeun Mantenna.

¹²Mugia hidep ku PANGERAN Allah hidep dipaparin budi pangarti, wijaksana, supaya bisa ngatur urang Israil luyu jeung Hukum Mantenna.

¹³ Lamun hidep ngalakonan hukum-hukum anu ku PANGERAN ditimballeun ka Musa pikeun sakumna bangsa Israil, tangtu hasil sapaneja. Sing teteg gede hate, ulah sieun kitu sieun kieu.

¹⁴ Hal nyieun Bait Allah, bahanna Ama geus kukumpul, emas aya saratus rebu talenta, perak sajuta talenta, tambaga jeung beusi pirang-pirang, kayu jeung batu geus loba tapi ku hidep tambahan sing leuwih loba.

¹⁵ Nu baris migawena hidep moal kakurangan jelema, tukang ngalian batu, tukang natah batu, tukang kayu, kitu deui tukang juan-jieun tina

¹⁶ emas, perak, tambaga jeung beusi. Prung geura pigawe, mugia hidep disarengan ku PANGERAN."

¹⁷ Daud tuluy nimbalan ka sakabeh pamingpin Israil, dipiwarang ngabantu Suleman.

¹⁸ Saurna, "Maraneh geus disarengan ku PANGERAN, Allah maraneh, aman santosa sakurilingna. Kami ku Mantenna dikersakeun bisa ngelehkeun bangsa-bangsa pribumi ieu tanah, sarta ayeuna eta teh jadi bawahan maraneh, dierah ku PANGERAN.

¹⁹ Nu matak maraneh kudu kumawula ka PANGERAN, Allah maraneh, terus jeung hate, terus jeung nyawa. Geura prak Bait Allah teh adegkeun. Tempatkeun engke di dinya Peti

Perjangjian PANGERAN jeung sagala parabot suci paranti babakti ka Mantenna."

23¹ Daud geus kacida sepuhna. Seug anjeunna ngajenengkeun Suleman, putrana, jadi raja Israil.

²Sanggeus kitu Raja Daud ngumpulkeun para pamingpin Israil, para imam jeung sakabeh urang Lewi.

³Urang Lewi ku anjeunna diitung lalakina ti semet umur tilu puluh taun ka luhur, kabehna aya tilu puluh dalapan rebu jelema.

⁴Dua puluh opat rebu urang ku raja dijieun purah nyabak pagawean di Bait Allah, genep rebu urang dijieun purah nyatet jeung mutus sual pacengkadan,

⁵opat rebu urang purah jaga, jeung opat rebu urang deui purah nyanggakeun lagu pupujian ka PANGERAN make tatabeuhan parantina, beunang nyadiakeun raja pikeun kaperluan kitu.

⁶Nurutkeun golonganana masing-masing, urang Lewi ku Daud dibagi tilu: Golongan Gerson, golongan Kahat jeung golongan Merari.

⁷Gerson putrana dua: Ladan jeung Simei.

⁸Ladan putrana tilu: Yehiel, Setam jeung Yol,

⁹tiluanana jaradi kapala golongan turunan Ladan. (Simei putrana tilu: Selomot, Hasiel jeung Haran.)

¹⁰(23: 10-11) Simei putrana opat: Yahat cikalna, nu kadua Sina, nu katilu Yehus, nu kaopat Beria. Turunan Yehus jeung Beria dijadikeun hiji golongan lantaran teu sakumaha lobana.

¹¹(23: 10)

¹²Kahat putrana opat: Amram, Yishar, Hebron jeung Usiel.

¹³Putra cikalna, nya eta Amram, eta teh ramana Harun jeung Musa. (Harun jeung saturunanana kalungguhanana dibedakeun, dibakukeun salawasna purah ngurus parabot-parabot suci, purah ngukus ngabakti ka PANGERAN, purah ngawulaan Mantenna jeung purah ngaberkanan jalma rea nyebut pajenengan PANGERAN.

¹⁴Tapi putra-putra Musa piwarangan Allah, eta mah digolongkeun ka urang Lewi.)

¹⁵Musa putrana dua: Gersom jeung Elieser.

¹⁶Putra-putra Gersom kapalana Sebuel.

¹⁷Ari Elieser putrana ngan hiji nya eta Rehabya. Turunan Rehabya loba.

¹⁸Putra Kahat nu kadua, Yishar, putrana hiji nya eta Selomit, jadi kapala warga.

¹⁹Putra Kahat nu katilu, Hebron, putrana opat: Yeria, Amarya, Yehasiel jeung Yekamam.

²⁰Putra Kahat nu kaopat, Usiel, putrana dua nya eta Mika jeung Yisia.

²¹Merari putrana dua: Mahli jeung Musi. Mahli putrana dua: Elasar jeung Kis.

²² Elasar nepi ka tilar dunya teu kagungan putra lalaki, putrana awewe kabeh anu narikahna ka dulur misanna, putra-putra Kis.

²³ Musi putra Merari anu kadua putrana tilu: Mahli, Eder jeung Yeremot.

²⁴ Sakitu turunan Lewi, anu ngaran-ngaranna didaptarkeun nurutkeun warga jeung kulawargana masing-masing. Tiap jelema turunan maranehna ti semet umur dua puluh taun ka luhur mareunang gawe di Bait PANGERAN.

²⁵ Saur Daud, "GUSTI Allah Israil geus maparin reureuh ka umat-Na, tur Mantenna bakal aya sapapanjangna di Yerusalem.

²⁶ Jadi ayeuna mah urang Lewi geus teu kudu ngagogotong deui Kemah Tepangan jeung paparabotan paranti ngabakti."

²⁷ Ku tarekahna Daud anu panganggeusan, urang Lewi anu umurna ti semet dua puluh taun kabeh didaptar pikeun nyarekel gawe.

²⁸ Ari papancenna nya eta: ngabantu para imam turunan Harun ngajalankeun kawajiban babakti di Bait Allah, ngurus palataran-palataran jeung rohang-an-rohang-an Bait Allah, bari ngajaga supaya barang-barang suci tetep suci kaayaanana;

²⁹ nyadiakeun roti haturkeuneun ka Allah, ngurus tipung sasajen, kueh-kueh anu teu make ragi, gorengan-gorengan, ngurus tipung anu diadonan ku minyak jetun;

nimbang jeung naker anu baris dibaktikeun di Bait Allah;

³⁰nyanggakeun lagu-lagu pupujian jeung ngamulyakeun ka PANGERAN saban isuk saban sore,

³¹saban nyanggakeun kurban anu dibeuleum ka PANGERAN unggal-unggal poe Sabat, unggal pananggalan jeung unggal aya pesta lian ti eta. Eta pagawean-pagawean dijalankeunana ku urang Lewi unggal-unggal waktu sarta kabeh aya aturanana. Urang Lewi dibakukeun purah ngabakti ka PANGERAN salalawasna.

³²Maranehna diberere kawajiban ngurus jeung ngarawatan Kemah Tepangan PANGERAN jeung Bait Allah, jeung ngabantu baraya-barayana nya eta imam-imam turunan Harun ngajalankeun kawajiban ibadah di Bait Allah.

24¹Ieu rombongan jalma-jalma anu kaasup turunan Harun. Harun putrana opat: Nadab, Abihu, Elasar, jeung Itamar.

²Nadab jeung Abihu tilar dunya miheulaan ramana jeung teu aya turunanana. Elasar jeung Itamar jaradi imam.

³Jalma-jalma turunan Harun ku Raja Daud dijieu sababaraha rombongan nurutkeun kawajibana masing-masing. Dina ngaturna anjeunna dibantu ku Sadok turunan Elasar, jeung ku Ahimelek turunan Itamar.

⁴Turunan Elasar dibagi genep belas rombongan, turunan Itamar dibagi dalapan rombongan. Pangna dibagi kitu, lantaran lalaki anu jaradi kapala kulawarga dina turunan Elasar leuwih loba.

⁵Ari ditangtukeunana ku lotre, lantaran anu jaradi pagawe Bait Allah jeung jaradi pamingpin karohanian teh ti turunan Elasar ongkoh, ti turunan Itamar ongkoh.

⁶Turunan Elasar jeung turunan Itamar bagilir narik elot, tuluy ngaran maranehna didaptarkeun ku Semaya bin Netanel, urang Lewi anu jadi sekretaris, disaksian ku raja, para ponggawa raja, Imam Sadok, Ahimelek bin Abyatar, para kapala kulawarga imam jeung ku kulawarga-kulawarga urang Lewi.

⁷(24: 7-18) Kulawarga-kulawarga anu dua puluh opat rombongan tea parelean nurutkeun ragragna elot kieu: 1. Yoyarib; 2. Yedaya; 3. Harim; 4. Sorim; 5. Malkia; 6. Miamin; 7. Hakos; 8. Abia; 9. Yesua; 10. Sekanya; 11. Elyasib; 12. Yakim; 13. Hupa; 14. Yesebab; 15. Bilga; 16. Imer; 17. Hesir; 18. Hapises; 19. Petahya; 20. Yeheskel; 21. Yakin; 22. Gamul; 23. Delaya; 24. Maasia.

⁸(24: 7)

⁹(24: 7)

¹⁰(24: 7)

¹¹(24: 7)

¹²(24: 7)

¹³(24: 7)

¹⁴(24: 7)

¹⁵(24: 7)

¹⁶(24: 7)

¹⁷(24: 7)

¹⁸(24: 7)

¹⁹Eta jelema-jelema didaptarna nurutkeun jabatanana pikeun asup ka Bait Allah nekanan kawajiban anu ditetepkeun ku Harun karuhunna, pikeun ngalakonan papakon-papakon GUSTI Allah Israil.

²⁰Kapala-kapala kulawarga turunan Lewi salian ti eta: Yehdeya bin Subael, turunan Amram;

²¹Yisia, turunan Rebaya;

²²Yahat bin Selomit, turunan Yishar,

²³Putra-putra Hebron: Kahiji Yeria, kadua Amarya, katilu Yehasiel, kaopat Yekamam;

²⁴Semir bin Mika, turunan Usiel;

²⁵Jakaria bin Yisia, turunan Usiel saderek Mika;

²⁶Mahli, Musi jeung Yaasia, turunan Merari.

²⁷Yaasia putrana tilu: Soham, Sakur jeung Ibri.

²⁸(24: 28-29) Mahli putrana dua: Elasar jeung Kis. Elasar teu aya putrana. Kis putrana hiji: Yerahmel.

²⁹(24: 28)

³⁰Musi putrana tilu: Mahli, Eder jeung Yeremot. Eta kabeh kulawarga-kulawarga urang Lewi.

³¹ Maranehna oge tiap kapala kulawarga jeung salah sahiji dulurna anu ngoraan narik elot cara baraya-barayana, para imam turunan Harun tea, disaksian ku Raja Daud, ku Sadok, ku Ahimelek, ku para kapala kulawarga imam jeung ku sakabeh urang Lewi.

25 ¹Kajaba ti eta, Raja Daud jeung para pamingpin urang Lewi ngangkat warga Asap, warga Heman jeung warga Yedutun, pikeun mingpin ibadah. Papancenna nya eta ngucapkeun wahyu ti Allah dipirig ku nabeuh kacapi jeung kecrek. Jalma-jalma anu diangkat pikeun mingpin ibadah katut kawajiban tiap rombongan nya eta:

²Putra Asap opatan: Sakur, Yusup, Netanya jeung Asarela, purah ngucapkeun sabda Allah upama geus ditimbalan ku raja. Diaturna ku Asap.

³Putra Yedutun genepan: Gedalya, Seri, Yesaya, Simei, Hasabya jeung Matica, purah ngucapkeun sabda Allah dipirig ku sora kacapi, jeung purah nyanggakeun pupujian jeung lagu panarima ka PANGERAN. Diaturna ku ramana.

⁴Putra Heman opat belas urang: Bukya, Matanya, Usiel, Sebuel, Yerimot, Hananya, Hanani, Elyata, Gidalti, Romamti Eser, Yosbekasa, Maloti, Hotir jeung Mahasiot.

⁵Heman, juru peleng raja, pangna kagungan putra pameget nepi ka opat belas, malah

jeung putra istri tilu, ku karana berkah kurnia Allah anu geus ngajangjikeun baris ngangkat darajat anjeunna.

⁶Putra-putra nu pameget kabeh narabeuh kacapi jeung kecrek ngabarengan aturan ibadah di Bait Allah. Asap, Yedutun jeung Heman, aya dibawah parentah raja.

⁷Eta dua puluh opat urang kabeh geus arahli dina papancenna. Jalma-jalma urang Lewi purah ngalagu oge kabeh geus palinter. Jumlah kabeh dua ratus dalapan puluh dalapan urang.

⁸Ari giliran waktuna, nu kolot, nu ngora, nu geus palinter, jeung nu kakara bisa, kabeh dilotre.

⁹(25: 9-31) Anu dua ratus dalapan puluh dalapan urang tea dibagi nurutkeun kulawarga masing-masing jadi dua puluh opat rombongan dua belas dua belas, unggal rombongan aya pamingpinna. Parelean ngajalankeun kawajibana nurutkeun undian kieu: 1. Yusup, ti kulawarga Asap; 2. Gedalya; 3. Sakur; 4. Seri; 5. Netanya; 6. Bukya; 7. Asarela; 8. Yesaya; 9. Matanya; 10. Simei; 11. Usiel; 12. Hasabya; 13. Sebuel; 14. Matica; 15. Yerimot; 16. Hananya; 17. Yosbekasa; 18. Hanani; 19. Maloti; 20. Elyata; 21. Hotir; 22. Gidalti; 23. Mahasiot; 24. Romamti Eser.

¹⁰(25: 9)

¹¹(25: 9)

- 12 (25: 9)
- 13 (25: 9)
- 14 (25: 9)
- 15 (25: 9)
- 16 (25: 9)
- 17 (25: 9)
- 18 (25: 9)
- 19 (25: 9)
- 20 (25: 9)
- 21 (25: 9)
- 22 (25: 9)
- 23 (25: 9)
- 24 (25: 9)
- 25 (25: 9)
- 26 (25: 9)
- 27 (25: 9)
- 28 (25: 9)
- 29 (25: 9)
- 30 (25: 9)
- 31 (25: 9)

26 ¹Urang Lewi tukang jaraga Bait Allah,
ti golongan Korah: Meselemya bin
Kore, kaasup turunan Asap.

²Putrana tujuh: Kahiji Jakaria, kadua
Yediael, katilu Sebaja, kaopat Yatniel,

³kalima Elam, kagenep Yohanan, katujuh
Elyunai.

⁴Obed Edom, ku Allah dikurniaan dalapan
putra: Kahiji Semaya, kadua Yosabad, katilu
Yoah, kaopat Sakar, kalima Netanel,

⁵kageneb Amiel, katujuh Isaskar, kadalapan Pehuleta.

⁶(26: 6-7) Semaya putra Obed Edom anu cikal putrana genep: Otni, Repael, Obed, Elsabad, Elihu jeung Semakya, jalma-jalma penting di kalangan golonganana, gede kamampuhna. Anu bakatna pangnyongcolangna Elihu jeung Semakya.

⁷(26: 6)

⁸Ti kulawarga Obed Edom dilengkepan ku genep puluh dua urang, jelema-jelema anu kacida carakepna pikeun ieu pagawean.

⁹Ti kulawarga Meselemya dilengkepan ku dalapan belas urang, jelema-jelema anu carakep.

¹⁰Ti kulawarga Merari nya eta Hosa, anu anakna opat lalaki, nya eta: Simri (lain cikal, tapi ku ramana dijadikeun pamingpin),

¹¹Hilkia, Tebalya jeung Jakaria. Ti kulawarga Hosa anu jaradi pangawal Bait Allah teh kabehna tilu belas urang.

¹²Tukang jaraga Bait Allah teh dijieun sababaraha rombongan nurutkeun bilangan kulawarga, kawajibana nyabak pagawean di Bait Allah ongkoh cara urang Lewi umumna.

¹³Saban kulawarga, boh anu bilanganana Ioba, boh anu saeutik, narik elot pikeun nganyahokeun kudu ngajaga lawang anu mana.

¹⁴ Selemya kabagian lawang wetan. Jakaria, putrana anu hade nasehat, kabagian lawang kaler.

¹⁵ Obed Edom kabagian lawang kidul, ari putra-putrana kabagian ngajaga gudang-gudang.

¹⁶ Supim jeung Hosa kabagian lawang kulon jeung Gapura Saleket di lebah tanjakan. Giliran jagana diatur patuturut.

¹⁷ Anu jaga di beulah wetan sapoena genepan, anu di beulah kaler opatan, anu di beulah kidul opatan. Ari gudang-gudang barang, eta oge anu ngajagana opatan, hiji gudang dijaga ku duaan.

¹⁸ Anu jaga deukeut papiliun beulah kulon sisi jalan opatan, di papiliunna duaan.

¹⁹ Eta bagian jagaan-jagaan golongan Korah jeung golongan Merari.

²⁰ Urang Lewi lianna ngajaga rajabrama Bait Allah jeung gudang-gudang barang hadiah anu geus dibaktikeun ka Allah.

²¹ Ladan, salah saurang anak Gerson, ngarundaykeun sababaraha rombongan kulawarga, kaasup oge kulawarga Yehiel, anakna.

²² Anak Ladan anu dua deui, nya eta Setam jeung Yol, dibere kawajiban ngajaga rajabrama Bait Allah jeung gudang-gudang barang.

²³ Turunan Amram, Yishar, Hebron jeung Usiel, eta oge aya kawajibana.

²⁴ Anu jadi kapala nu ngajaraga rajabrama
Bait Allah nya eta Sebuel ti golongan Gersom
bin Musa,

²⁵ wargi keneh ka Selomit rerehan ti Elieser
saderek Gersom, jujutanana: Elieser puputra
Rehabya, Rehabya puputra Yesia, Yesia
puputra Yoram, Yoram puputra Sikri, Sikri
puputra Selomit.

²⁶ Selomit sakulawarga kabagian ngajaga
barang-barang hadiah anu ku Raja Daud, ku
kapala-kapala kulawarga, ku para pamingpin
rombongan warga-warga jeung ku para
panglima geus dibaktikeun ka Allah,

²⁷ nya eta sabagian tina barang jarahan
perang, anu disucikeun pikeun digunakeun di
jero Bait Allah.

²⁸ Selomit sakulawarga kudu ngajaga sagala
rupa barang anu geus disucikeun pikeun
pakeeun di Bait Allah, kitu deui barang-barang
pangbakti ti Nabi Samuel, ti Raja Saul, ti
Abner bin Ner jeung ti Yoab bin Seruya.

²⁹ Urang Lewi ti turunan Yishar, Kenanya
sapala putra kapapancenan ngurus catetan-
catetan jeung nguruskeun sual panyerewedan
antara urang Israil.

³⁰ Ti turunan Hebron, Hasabya katut sanak
barayana sarebu tujuh ratus urang jalma-
jalma anu aya kasebutna, kapapancenan
nguruskeun sual-sual kaagamaan jeung
urusan pamarentahan di Israil anu di
kuloneun Walungan Yordan.

³¹ Jalma-jalma turunan Hebron dipingpinna ku Yeria. Waktu diayakeun pamariksaan dina taun kaopat puluh Daud jumeneng raja, kanyahoan yen di kulawarga-kulawarga turunan Hebron loba prajurit anu garagah, caricingna di Yaser, wewengkon Gilad.

³² Ti sanak baraya Yeria, Daud nyandak dua rebu tujuh ratus jelema penting kapala-kapala kulawarga, disina ngurus sual-sual kaagamaan jeung urusan pamarentahan di Israil wetaneun Walungan Yordan, nya eta di wewengkon-wewengkon Rubin, Gad jeung Menase Wetan.

27 ¹Ieu daptar kapala-kapala kulawarga Israil jeung kapala-kapala golongan, jeung para perwira, anu ngurus pagawean pikeun raja. Unggal taun saban-saban bulan kudu aya dua puluh opat rebu jelema anu digarawe anu dikapalaan ku hiji kapala.

²(27: 2-15) Kapala-kapala tiap bulanna nya eta: Bulan kahiji: Yasobam bin Sabdiel, ti golongan Peres kaasup kaom Yuda. Bulan kadua: Dodai turunan Ahohi (pamingpin nu kadua nya eta Miklot). Bulan katilu: Benaya putra Imam Yoyada, pamingpin "Si Tilu Puluh" tea. (Anjeunna diganti ku Amisabad, putrana, kapala rombongan bulan ieu.) Bulan kaopat: Asahel, rayi Yoab (anjeunna diganti ku Seaja putrana). Bulan kalima: Samhut, turunan Yishar. Bulan kagenep: Ira bin Ikes, ti Tekoa. Bulan katujuh: Heles, urang Epraim ti Pelon.

Bulan kadalapan: Sibkai ti Husa (warga Sera, kaasup kaom Yuda). Bulan kasalapan: Abieser urang Anatot wewengkon kaom Binyamin. Bulan kasapuluh: Maharai urang Netopa (ti golongan Sera). Bulan kasabelas: Benaya, urang Piraton wewengkon kaom Epraim. Bulan kadua belas: Heldai urang Netopa (turunan Otniel).

³ (27: 2)

⁴ (27: 2)

⁵ (27: 2)

⁶ (27: 2)

⁷ (27: 2)

⁸ (27: 2)

⁹ (27: 2)

¹⁰ (27: 2)

¹¹ (27: 2)

¹² (27: 2)

¹³ (27: 2)

¹⁴ (27: 2)

¹⁵ (27: 2)

¹⁶ (27: 16-22) Ieu daptar anu ngurus kaom-kaom Israil: Kaom Rubin, diurusna ku Elieser bin Sikri. Kaom Simeon, diurusna ku Sepaca bin Maaka. Kaom Lewi, diurusna ku Hasabya bin Kemuel. Kaom Harun, diurusna ku Sadok. Kaom Yuda, diurusna ku Elihu saderek Raja Daud. Kaom Isaskar, diurusna ku Omri bin Mikael. Kaom Sebulun, diurusna ku Ismaya bin Obaja. Kaom Naptali, diurusna ku Yeremot bin Asriel. Kaom Epraim, diurusna

ku Hosea bin Asasia. Kaom Menase Kulon, diurusna ku Yol bin Pedaya. Kaom Menase Wetan, diurusna ku Ido bin Jakaria. Kaom Binyamin, diurusna ku Yaasiel bin Abner. Kaom Dan, diurusna ku Asarel bin Yeroham.

¹⁷(27:16)

¹⁸(27:16)

¹⁹(27:16)

²⁰(27:16)

²¹(27:16)

²²(27:16)

²³Anu umurna tacan dua puluh taun ku Raja Daud henteu diitung, sabab aya timbalan PANGERAN yen urang Israil rek didamel mangpirang-pirang lobana lir bentang minuhan langit.

²⁴Basa dicacah jiwa ku Yoab putra ibu Seruya tea, diitungna teu dianggeuskeun, tur cacah jiwa harita ngalantarankeun urang Israil dihukum ku Allah. Jadi jumlah anu saenyana keur jaman Raja Daud henteu kacatet.

²⁵(27: 25-31) Ieu daptar jalma-jalma anu ngurus milik karajaan: Asmawet bin Adiel ngurus gudang-gudang raja. Yonatan bin Usia ngurus gudang-gudang anu sumebar di tempat-tempat sejen. Esri bin Kelub ngurus gawe ngolah tanah. Simei ti Ramah ngurus lahan-lahan anggur. Sabdi ti Sepam ngurus gudang-gudang anggur inuman. Baal Hanan urang Geder ngurus kebon jetun jeung kebon

kondang di suku gunung beulah kulon. Yoas ngurus minyak jetun. Sirtai urang Saron ngurus ingon-ingon sapi di Sampalan Saron. Sapat bin Adlai ngurus ingon-ingon sapi anu di lebak-lebak. Obil bangsa Ismail ngurus onta. Yehdeya urang Meronot ngurus kalde. Yasis bangsa Hagri ngurus domba jeung embe.

²⁶ (27: 25)

²⁷ (27: 25)

²⁸ (27: 25)

²⁹ (27: 25)

³⁰ (27: 25)

³¹ (27: 25)

³² Yonatan, kapiramana Daud, juru pituah anu binangkit jeung luhur panemuna, anu ngadidik putra-putra raja, duaan jeung Yehiel bin Hakmoni.

³³ Ahitopel, jurupituah raja, Husai urang Arki, sobat raja jeung jadi jurunasehatna.

³⁴ Ahitopel pupus, diganti ku Abyatar jeung Yoyada bin Benaya. Yoab panglima perang.

28¹ Raja Daud nimbalan sangkan sakabeh pamingpin Israil kumpul di Yerusalem. Gancangna para pamingpin kaom, para pajabat anu ngurus gawe karajaan, para pamingpin golongan, para pangurus rajakaya jeung ingon-ingon kagungan raja sapala putra, cindekna para gegeden karaton, para perwira, jeung jalma-jalma anu parenting, geus kumpul di Yerusalem.

²Daud ngadeg, ngadawuh ka aranjeunna, "Dulur-dulur para kanca sanagara, rungukeun! Kami aya pasejaan hayang nyieun gedong anu maneuh pikeun tempat Peti Perjangjian, jojodog sampean PANGERAN Allah urang. Kami geus tarapti sasadiaan rek prak nyieun gedong keur kamulyaan Mantenna,

³tapi ku Mantenna henteu diwidian, lantaran kami tukang perang jeung loba teuing ngocorkeun getih batur.

⁴Kami saturun-tumurun ku PANGERAN Allah Israil dipilih pikeun ngatur Israil sapapanjangna. Kaom anu ku Mantenna dipilih pikeun jadi pamingpin nya eta kaom Yuda. Ti kaom Yuda, anu kapilih ku Mantenna teh kulawarga bapa kami, sarta ti lebah kulawarga eta nya kami anu ku Mantenna ditujul kudu jadi raja nyangking sakumna bangsa Israil.

⁵Kami ku PANGERAN dipaparin loba anak. Ti sakabeh anak, Suleman ku Mantenna ditujul kudu jadi raja ngarajaan Israil, karajaan PANGERAN.

⁶Timbalan PANGERAN ka kami, Nya Suleman, anak maneh, anu bakal nyieun eta gedong pikeun Kami. Suleman ku Kami geus kapilih jadi anak, Kami teh Ramana.

⁷Upama manehna terus enya-enya nurutna kana sagala hukum jeung parentah-parentah

Kami saperti ayeuna, karajaanana ku Kami baris ditetepkeun salalawasna.

⁸Ku sabab kitu ayeuna di payuneun Allah urang, jeung dina ieu pajemuhan sakumna bangsa Israil anu jadi umat PANGERAN, kami meredih ka maraneh, rahayat kami, sing balener nya nurut kana sagala timbalan PANGERAN Allah urang, supaya bisa tetep ngamilik ieu tanah anu sakieu hadena, wariskeuneun ka saanak incu salalanggengna."

⁹Ti dinya anjeunna sasauran ka Suleman, "Anaking, pamenta Ama, hidep masing madep ka Allah panutan bapa hidep, masing cengeng kumureb ka Mantenna dibarengan ku hate. Mantenna maha uninga kana sagala usiking pikiran jeung angen-angen urang. Asal hidep daek sumolondo tan wande ku Mantenna diangken. Sabalikna lamun hidep nukangan, tan wande ku Mantenna ditilar salalawasna.

¹⁰Sing nganyahokeun, hidep ku Mantenna geus ditangtukeun kudu nyieun gedong suci, Bait Allah keur Mantenna. Geura prak pigawe sing junun."

¹¹Seug Daud ka Suleman maparin rancangan adegan-adegan anu tumali jeung Bait Allah, gudang-gudangna, rohang-an-rohangana, Kamar Pangscina paranti ngahampura dosa,

¹²kitu deui rancangan-rancangan anu aya keneh dina manahna hal palataran-palataran

Bait Allah katut kamar-kamar sakurilingna,
gudang-gudang panyimpenan paparabotan
Bait Allah jeung kamar rajabrama pangbakti
ka PANGERAN.

¹³Lian ti eta Daud nerangkeun aturan
papancen para imam jeung urang Lewi hal
kawajibana di Bait Allah jeung ngurus
parabot paragi ngabakti;

¹⁴nerangkeun sakumaha kudu make perak
jeung emas pikeun nyieun paparabotan
paranti ngabakti,

¹⁵pikeun nyieun lampu-lampu jeung
ajug-ajugna,

¹⁶pikeun nyieun meja-meja perak, pikeun
nyieun tiap meja emas paragi ngambengkeun
roti sasajen ka Allah.

¹⁷Kitu deui anjeunna mere pituduh,
sakumaha kudu make emas murni pikeun
nyieun garpuh-garpuh, bokor-bokor jeung
kendi-kendi, kudu sakumaha make perak
jeung emas pikeun nyieun piring-piring,

¹⁸sakumaha kudu make emas murni
pikeun nyieun altar paragi meuleum dupa
jeung pikeun titihan paranti arca-arca
mukarabin anu jangjangna meber ngauban
Peti Perjangjian PANGERAN.

¹⁹Saur Raja Daud, "Ieu rarancang anu
kudu dilaksanakeun teh datangna ka kami ti
PANGERAN ku manten."

²⁰Ngalahir deui Raja Daud ka Suleman
putrana, "Sing pangger, sing junun. Geura

prung pigawe, ulah digontot-gontot. GUSTI Allah anu ku Ama dikaulaan tan wande nyarengan ka hidup. Mantenna hamo nilarkeun, tangtu moal petot nyarengan nepi ka rengse sagala pagawean nyieun tempat pikeun ngabakti di eta Bait Allah kagungana-Na.

²¹ Papancen-papancen pikeun para imam jeung pikeun urang Lewi anu tumali jeung sagala pagawean di Bait Allah ku Ama enggeus diatur. Jalma-jalma patukangan anu kaahlianana rupa-rupa, anu geus saradia singkil ngabantu, kitu deui sakabeh jelema jeung para pamingpinna geura cangking, geura atur ku hidup."

29¹ Tutas eta, Raja Daud ngadawuh ka pajemuhan, "Suleman putra kami anu geus dipilih ku PANGERAN, umurna ngora keneh, tacan rea pangalaman. Ari pigaweeun sakitu rohakana, kawantu anu rek dijieuun teh gedong keur GUSTI Allah, lain karaton keur manusa.

² Pikeun kaperluan nyieunna kami geus sakedah polah kukumpul bahan-bahanna: emas, perak, tambaga, beusi, kayu, batu-batu permata, mutiara, batu lempengan jeung pirang-pirang batu marmer.

³ Samalah ku bawaning nyaah ka Bait Allah PANGERAN, kami pribadi nyumbangkeun perak jeung emas tina peperenian sorangan,

⁴emas kolot tilu rebu talenta leuwih, perak murni meh tujuh rebu talenta, keur papaes tembok Bait Allah,

⁵jeung keur bahan barang-barang perak jieuneun tukang-tukang. Ayeuna, coba saha anu rido mere derma nyumbangkeun pangbaktina ka PANGERAN?"

⁶Para kapala golongan, para pamingpin kaom, para panglima jeung para pajabat anu nyangking harta milik karajaan, kalawan sukana masing-masing marere sumbangan

⁷bahan-bahan pikeun kaperluan nyieun Bait Allah. Barang-barang sumbanganana: Emas lima rebu talenta leuwih, perak salaksa talenta leuwih, tambaga meh salaksa dalapan rebu talenta, beusi saketi talenta leuwih.

⁸Sumbangan-sumbangan mangrupa batu-batu permata diasupkeunana ka perbendaharaan Bait Allah diurus ku Yehiel, urang Lewi ti warga Gerson tea.

⁹Jalma-jalma nyarumbangna ka PANGERAN reujeung sukana sarta kacida barungaheunana, dumeh barang-barang anu disumbangkeun teh nepi ka sakitu lobana. Komo Raja Daud mah liwat saking ngaraos bagjana teh.

¹⁰Di dinya keneh dina eta pajemuhan, Daud muji sukur ka PANGERAN, piunjukna, "Nun GUSTI, Allah Yakub karuhun abdi, mugi Gusti dimulyakeun salalanggengna!"

¹¹ Kaagungan, kadigjayaan, kamulyaan, kaagrengan, sareng kaluhungan, aya di salira Gusti. Saniskara nu di langit sareng di bumi, sadaya kagungan Gusti. Gusti teh Raja pinunjul, jungjunan saalam dunya.

¹² Kabeungharan, kamuktian, sadaya asal ti Gusti, anu ngasta saniskara kalayan digjaya sareng kawasa, anu iasa midamel sangkan jalma jadi mulya sareng digjaya.

¹³ Nun Allah panutan, abdi-abdi muji sukur sareng ngamulyakeun pajenengan Gusti nu agung.

¹⁴ Parandene kitu, abdi sareng rahayat rumaos teu tiasa ngahaturkeun naon-naon ka Gusti, mung tiasa masrahkeun deui anu ku Gusti parantos dipasihkeun, kawantos sagala rupi oge asalna ti Gusti.

¹⁵ Gusti langkung uninga, hirup abdi sadaya di payuneun Gusti teh ibarat numpang ngumbara, sapertos karuhun abdi sadaya. Umur abdi-abdi saibarat kalangkang sakolebatan, teu tiasa sumingkir ti ajal pati.

¹⁶ Nun Gusti PANGERAN, abdi sadaya parantos sami-sami nyanggakeun ieu bahan-bahan kanggo ngadamel gedong, kangge ngagungkeun pajenengan Gusti anu suci. Nanging eta sadaya asalna teh paparin ti Gusti, sadayana asal kagungan Gusti.

¹⁷ Abdi terang yen Gusti ngaji hate tiap jalmi, sareng mikasuka ka jalmi anu sipatna lempeng jujur. Abdi iklas nyanggakeun ieu

barang-barang ka Gusti. Ku abdi katingal kumaha baringaheunana umat Gusti anu karempel di dieu reh parantos tariasaen nyanggakeun pangbakti ka Gusti.

¹⁸ Nun GUSTI, Allah karuhun abdi, Ibrahim, Ishak, sareng Yakub, mugi-mugi sipat babakti maranehna anu sapertos kitu teh dilanggengkeun, sina tetep ngakar dina hate umat Gusti, mugi sing tetep maranehna satia saumur-umur.

¹⁹ Mugi pun anak, Suleman, dipaparin hate suhud sareng kadaek kana ngalakonan sagala timbalan Gusti, sareng kanggo ngadegkeun Bait kangge ngabakti ka Gusti, anu bahan-bahanna ku abdi parantos disadiakeun."

²⁰ Sanggeus kitu Daud nimbalan ka pajemuhan, "Sanggakeun puji ka PANGERAN Allah maraneh!" Breng kabeh maruji ka PANGERAN, Allah karuhunna, tuluy sarujud nyanggakeun hormat ka PANGERAN jeung ka raja.

²¹ Poe isukna maranehna mareuncit sato dikurbankeun, dibaktikeun ka PANGERAN, saterusna dibagikeun ka jalma rea sina didalahar. Salian ti eta maranehna mareuncit deui sarebu sapi jalu ngora, sarebu domba jalu, jeung sarebu anak domba, diduruk kabeh dina altar, ditambah ku ngurbankeun anggur.

²²Poe eta sajeroning dahar nginum di payuneun PANGERAN, jalma-jalma pohara ngarasa bagjana. Dina poe eta Suleman diembarkeun deui yen jadi raja, tuluy dilisahan kalawan pajenengan PANGERAN, jadi raja maranehna, sarta Sadok dijenengkeun imam.

²³Sabada eta Suleman terus calik dina tahta anu geus dikukuhkeun ku PANGERAN, ngagentos ramana, Daud. Jadina raja lulus mulus, hasil sagala panejana, katurut ku sakumna bangsa Israil.

²⁴Para gegeden, sakumna balad, malah putra-putra Daud sejenna kabeh ikrar seja satia, tarima dibawah kawasa Raja Suleman.

²⁵Sakumna bangsa Israil ku PANGERAN dikersakeun kataji ku Suleman, sarta Suleman teh ku Mantenna dipaparin kamulyaan anu punjul ti raja Israil nu mana bae.

²⁶Daud putra Isai ngarajaanana nyangking sanagara Israil teh

²⁷opat puluh taun, nya eta di Hebron tujuh taun, di Yerusalem tilu puluh tilu taun.

²⁸Pupusna sanggeus yuswana kacida sepuhna, mulya, kawasa, dipikaajrih. Anjeunna diganti ku Suleman, putrana.

²⁹Carita Raja Daud ti awal nepi ka wekasan kaungel dina carita tilu jurutingal: Samuel, Natan jeung Gad,

³⁰ anu ngadadarkeun hal ngarajaanana, hal kakawasaanana, jeung hal-hal anu kasorang ku anjeunna jeung ku urang Israil, kitu deui ku karajaan-karajaan sakurilingeunana.

2 Tawarikh

1 ¹Suleman putra Raja Daud geus teguh nyangkingna karajaan Israil, tur ku PANGERAN Allahna diberkahan, dikersakeun jadi kacida kawasana.

²Raja Suleman nimbalan ka sakabeh kapala sarebu jeung kapala saratus jelema, ka para gegeden, ka para kapala kulawarga jeung ka salian ti eta,

³kudu ngiring anjeunna ka tempat ibadah di Gibon. Anu matak kudu ka ditu teh sabab Kemah Tepangan PANGERAN beunang ngadegkeun Musa abdi Allah ayana di Gibon.

⁴(Tapi Peti Perjangjian mah aya di Yerusalem, di jero kemah damelan Raja Daud basa tas dipindahkeun ti Kiryat Yirim tea.)

⁵Altar tambaga beunang nyieun Besalel bin Uri bin Hur oge ayana di Gibon, hareupeun Kemah Tepangan PANGERAN. Raja Suleman sapangiringna geus ngabakti ka PANGERAN di Gibon.

⁶Raja ngabaktina hareupeun Kemah, ngurbankeun sarebu sato peuncitan, diduruk dina eta altar tambaga.

⁷Dina peutingna Allah nembongan ka Suleman, mariksa kieu, "Maneh hayang dibere naon ku Kami?"

⁸Piunjuk Suleman, "Gusti sakitu asihna ka Daud, pun bapa, teu petot-petot. Dupi abdi ku Gusti dijadikeun raja gentosna.

⁹Nun GUSTI Allah, mugi jangji Gusti ka pun bapa tea diyaktoskeun. Abdi ku Gusti dijadikeun raja, kedah ngurus jalmi anu seueurna tanpa wilangan.

¹⁰Ku margi kitu abdi nyuhunkeun dipaparin kabijaksanaan sareng kaweruh kangge ngatur maranehna. Upami teu kitu pimanaeun abdi tiasa ngurus umat Gusti anu sakitu seueurna?"

¹¹Dawuhan Allah ka Suleman, "Pamenta maneh kacida merenahna. Lain menta kamuktian atawa rajabrama, lain menta supaya kamashur atawa supaya musuh-musuh tumpur atawa menta panjang umur. Maneh ku sabab dijieg raja umat Kami menta kabijaksanaan jeung kaweruh supaya bisa ngurus maranehna.

¹²Heug, ku Kami dibere kabijaksanaan jeung kaweruh. Malah rek ditambah ku kabeungharan, dunya brana, tur bakal kamashur leuwih ti raja-raja sejen, boh nu saheulaeun, boh nu sapandeurieun."

¹³Suleman jengkar ti tempat ibadah di Gibon, ngantunkeun Kemah Tepangan PANGERAN, mulih ka Yerusalem, tuluy ngageugeuh Israil.

¹⁴Anjeunna ngayakeun pasukan lobana sarebu opat ratus kareta jeung dua welas

rebu urang pasukan kuda. Ditempatkeunana aya nu di Yerusalem, aya nu di wewengkon-wewengkon sejenna.

¹⁵ Jaman anjeunna marentah, perak jeung emas teh di Yerusalem mah geus jadi biasa saperti batu bae. Kai kiputri ge lobana mangpirang-pirang cara kayu camara ilahar nu aya di lamping-lamping pasir di Yuda.

¹⁶ Raja ngawasakeun para pagawena ngirim-ngirimkeun kuda ti Mesir jeung ti Kilikia,

¹⁷ kareta-kareta ti Mesir, disokongkeun ka raja urang Het jeung ka raja urang Siria ku jalan dijual, hiji kareta hargana genep ratus uang perak, ari kuda sahijina saratus lima puluh uang perak.

2¹ Raja Suleman geus gilig rek mimiti ngadegkeun Bait Allah tempat ngabakti ka PANGERAN. Ari anjeunna pribadi rek ngadamel karaton.

²Ti dinya anjeunna miwarang jelema tujuh puluh rebu urang purah ngakutan bahan-bahan, dalapan puluh rebu urang purah ngali batu, jeung tilu rebu genep ratus urang mandor.

³ Geus kitu anjeunna ngintun pamundut ka Raja Hiram di nagara Tirus, saurna, "Mugi Jeng Raja kersa ngintunan kai-kai kiputri golondongan ka sim kuring, sapertos ka pun bapa kapungkur, Raja Daud, nalika anjeunna ngadamel karaton.

⁴ Sim kuring bade ngadamel Bait Allah kangge ngagungkeun ka PANGERAN, Allah sim kuring, nya eta gedong suci paranti sim kuring sarawuh rahayat ngabakti ka Mantenna ngahaturkeun kukus seuseungitan, roti suci teu petot-petot, kurban beuleuman unggal enjing sareng unggal sonten, unggal dinten Sabat, unggal dinten Pesta Bulan Anyar sareng dinten-dinten mulya sanesna, ngamulyakeun PANGERAN Allah sim kuring sadaya, kawajiban urang Israil sapapaosna, numutkeun katangtosan ti Mantenna.

⁵ Maksad sim kuring eta Bait Allah teh bade sing ageung, reh Allah sim kuring sadaya agung-Na punjul ti allah-allah sanes.

⁶ Saleresna moal aya anu tiasa ngadamel Bait Allah linggihaneun Allah, margi saleganing langit oge keur Mantenna mah moal cekap. Atuh pimanaeun sim kuring tiasa ngadamel anu langkung punjul ti batan gedong paranti ngukus seuseungitan ka Allah?

⁷ Sareng sim kuring mugi dikintun jalmi saurang, anu ahli kana ngukir, kana ngadamel barang-barang tina emas, perak, tambaga, beusi, kitu deui ahli kana migawe lawon bulao, lawon wungu sareng lawon beureum, sina maturan juru-juru ukir urang Yuda sareng urang Yerusalem kenging milih pun bapa, Daud.

⁸ Nyuhunkeun dikintunan kai kiputri, kijamuju, sareng candana ti Libanon, reh

sim kuring terang Sang Raja kagungan
tukang-tukang nuar kai anu parantos ahli.
Jalmi-jalmi sim kuring bade enggal-enggal
dijurung ngabantu jalmi-jalmi Kangjeng Raja

⁹nyayagikeun kai masing seueur, reh Bait
Allah anu bade diadegkeun ku sim kuring teh
bakal ageung sareng bakal agreng.

¹⁰Sim kuring bade ngintun pibekeleun
jalmi-jalmi ti dieu dua laksa pikul tarigu, dua
laksa pikul gandum, dua laksa bat cianggur
sareng dua laksa bat minyak jetun."

¹¹Raja Hiram ngawaleran ka Suleman ku
surat, ungelna, "Rehing PANGERAN mikaasih
umat-Na, nu mawi Rayi ku Mantenna didamel
jadi rajana.

¹²Sagala puji ka GUSTI Allah Israil anu
ngadamel bumi sareng langit! Mantenna ka
Raja Daud parantos maparin hiji putra anu
binekas, sugih pangarti sareng binangkit,
anu ayeuna keur tatahar seja ngadamel Bait
kangge PANGERAN, kitu deui karaton keur
salirana ku anjeun.

¹³Akang nyanggakeun hiji jalmi ahli ukir anu
pinter, wastana Huram.

¹⁴Indungna kalebet kaom Dan, dupi
bapana mah asli urang Tirus. Parantos
tabah kana midamel barang-barang tina
emas, perak, tambaga, beusi, batu, kai,
migawe lawon bulao, wungu, beureum sareng
lenen. Tiasaeun migawe ukiran kumaha bae
numutkeun pesenan. Mangga gawekeun

nyarengan tukang-tukang ti Rayi sareng anu ti tuang Rama, Raja Daud.

¹⁵Tarigu, gandum, cianggur sareng minyak jetun tea kintunkeun sakumaha pilahir.

¹⁶Kai kiputri pamundut tangtos dikintunan, bade nuaran ti pagunungan Libanon. Dikintunkeunana bade jalan laut, dibeungkeutan dirakitkeun, sina ngangkleung dugi ka Yopa, ti dinya kantun ngakutan ka Yerusalem."

¹⁷Ti dinya Raja Suleman ngetang jalma-jalma anu ngumbara di tanah Israil, cara anu bareto dilampahkeun ku Daud ramana. Kapendak aya 153.600 urang.

¹⁸Tina sakitu, 70.000 urang dijieun purah nanggungan bahan-bahan, 80.000 urang purah meulahan batu di gunung-gunung, 3.600 urang dijieun mandor supaya pagawean lancar.

3 ¹Tempat pikeun adegan Bait Allah geus aya beunang nyadiakeun Raja Daud ramana Suleman. Nya eta di Yerusalem, di Gunung Moria, tempat urut panggilingan bogana Arauna urang Yebus tea. Raja Suleman mimiti ngadamel rarancangna,

²dina bulan kadua taun kaopat anjeunna jumeneng raja.

³Bait Allah anu diadegkeun ku Raja Suleman panjangna dua puluh tujuh meter, rubakna salapan meter.

⁴Rohangan hareup rubakna sarubak Bait Allah, salapan meter, luhurna lima puluh opat meter, ti beulah jerona dilapis ku emas kolot.

⁵Rohangan utamana dikeput ku papan kiputri tuluy disaput ku emas kolot, direkakeun tangkal-tangkal korma jeung rarantean.

⁶Bait Allah teh ku raja ditarapang ku batu-batu permata anu arendah jeung ku emas ti tanah Parwaim.

⁷Bilik-bilikna, kaso-kasona, panto-panto katut bangbarung-bangbarungna dilapis ku emas. Ari tembok-tembokna diberean ukiran mahluk-mahluk jangjangan.

⁸Rohangan jero anu disebut Kamar Pangscina panjangna salapan meter rubakna salapan meter, sarua jeung rubakna eta gedong. Emas panyaput tembok-tembok Kamar Pangscina lobana genep ratus talenta.

⁹Paku-pakuna oge tina emas, lobana lima puluh sekel. Tembok loteng-lotengna disaput ku emas.

¹⁰Raja miwarang ngadamel dua mumukarabinan tina logam, tuluy dilapis ku emas, diteundeun di Kamar Pangscina,

¹¹(3: 11-13) ditangtungkeun pagigir-gigir nyanghareup ka lawang, masing-masing baroga jangjang, sarta tiap jangjang panjangna dua meter dua puluh senti,

maleber. Tungtung jangjang beulah jero masing-masing paantel di tengah-tengah rohangsan, tungtung jangjang beulah luar masing-masing antel kana tembok rohangsan. Jadi meberna teh kira-kira salapan meter.

¹²(3: 11)

¹³(3: 11)

¹⁴Eta Kamar Pangscina make reregan lenen jeung lawon lianna, dicelep ku warna bulao, wungu jeung beureum, sarta diberean papaes anu direkakeun mukarabin.

¹⁵Raja ngadamel dua pilar anu luhurna masing-masing lima belas satengah meter, diadegkeunana di hareupeun Bait Allah, sarta masing-masing make mamakutaan anu luhurna dua meter dua puluh senti.

¹⁶Puncak pilar dipapaesan ku rarantean anu dianyamkeun jeung ku dadalimaan tina tambaga saratus siki.

¹⁷Eta dua pilar ditangtungkeunana di gigireun gapura gedong, hiji di beulah kidul, dingaranan Yakin, hiji deui di beulah kaler, dingaranan Boas.

4¹Jeung deui Raja Suleman ngadamel hiji altar tambaga ukuran salapan meter pasagi, luhurna opat satengah meter.

²Jeung ngadamel tatalagaan tina tambaga, bangunna bunder, jerona dua meter dua puluh senti, gurat tengahna opat meter opat puluh senti, kurilingna tilu welas meter dua puluh senti.

³ Biwir luar eta tatalagaan sakurilingna diberean papaes dua baris ngajajar, direka sasapi-an-sasapi-an tina tambaga anu bahanna asal tina tambaga anu dipake nyieun eta tatalagaan.

⁴ Tatalagaanana disangga ku tonggong dua welas sasapi-an tambaga anu nyalanghareup ka beulah luar: ka kaler, ka kulon, ka kidul, ka wetan, tilu-tilu.

⁵ Kandelna bak tatalagaan satampah, biwirna jiga biwir lumur beukah ka luar jiga kembang bakung. Ari pieusieunana kira-kira genep puluh rebu liter.

⁶ Jolang oge nyieun sapuluh siki, diteundeunna lima di sisi Bait Allah beulah kidul, lima di sisi kaler, gunana pikeun ngumbah babagian sato anu geus direcah pikeun jadi kurban beuleuman. Ari cai tina tatalagaan mah gunana paranti imam beberesih.

⁷ (4: 7-8) Ngadamel suku lampu tina emas lobana sapuluh siki, luyu jeung sarat anu baku. Ngadamel meja sapuluh siki, dipasangna di rohangsan utama di unggal sisi lima-lima, jeung sukuna lima-lima. Oge ngadamel pinggan emas saratus siki.

⁸ (4: 7)

⁹ Ari para imam dipangnyieunkeun buruan jero jeung buruan luar. Panto-panto di lawang antara dua buruan tea dilapis ku tambaga.

¹⁰Ari tatalagaan diteundeunna deukeut pojok Bait Allah beulah kidul wetan.

¹¹(4: 11-16) Kajaba ti anu tadi, Huram nyieun katel-katel, sosodok-sosodok jeung pinggan-pinggan. Sakur parabot anu ku Raja Suleman dipiwarang dijieun pikeun kaperluan Bait Allah, kabeh geus anggeus dijieun ku Huram. Barang-barang anu dijieunna nya eta: Dua tihang gede. Dua mamakutaan anu jiga cangkir jebleh di puncak eta dua tihang. Rante lilit papaes mamakutaan. Opat ratus dadalimaan, anu dipasang dua jajar, papaes mamakutaan. Sapuluh padati. Sapuluh paso. Hiji tatalagaan. Dua belas sasapi anu munggu tatalagaan. Katel-katel, sosodok-sosodok jeung garpuh-garpuh. Eta kabeh keur kaperluan Bait Allah anu dijieun ku Huram pikeun Raja Suleman, kabeh tina tambaga anu disangling.

¹²(4: 11)

¹³(4: 11)

¹⁴(4: 11)

¹⁵(4: 11)

¹⁶(4: 11)

¹⁷Dipiwarang dicitakna ku raja di pangecoran antara Sukot jeung Sereda di Lebak Yordan.

¹⁸Kacida lobana barang-barang anu dijieun tina tambaga teh, nepi ka teu aya anu bisa naksir sabaraha lobana tambaga anu geus kapake.

¹⁹Raja Suleman ngadamel oge paparabotan emas pikeun kaperluan Bait Allah: altar jeung meja-meja paranti ngahaturkeun roti ka Allah;

²⁰suku-suku lampu jeung lampu-lampuna tina emas kolot, anu kudu dipasang ngagenclang di hareupeun rohang Kamar Pangscina luyu jeung sarat;

²¹kembang-kembang tiruan, lampu-lampu, capit-capit;

²²panetel-panetel paranti mareuman lampu, bokor-bokor, pisin-pisin wadah seuseungitan, jeung wadah-wadah ruhak. Kabeh dijieunna tina emas kolot. Panto-panto Bait Allah beulah luar kitu deui panto-panto anu ka rohang Kamar Pangscina kabeh dilapis ku emas.

5¹Sanggeus sagala rupa pagawean pikeun Bait Allah tea rengse, sagala barang-barang perak, emas, jeung salianna anu ku Daud Ramana geus dibaktikeun ka PANGERAN, ku Raja Suleman disimpen di Bait Allah, di kamar panyimpenan.

²Geus kitu, Raja Suleman nimbalan ka sakabeh pamingpin kaom jeung kapala-kapala golongan Israil, supaya karumpul di Yerusalem, rek mindahkeun Peti Perjangjian PANGERAN ti Sion, Kota Daud ka Bait Allah.

³Sarerea geus karumpul dina mangsa Pesta Saung Daun.

⁴Sanggeus para kapala kabeh kumpul, Peti Perjangjian teh diangkat ku urang Lewi,

⁵ terus digotong ka Bait Allah. Kemah Tepangan PANGERAN oge katut unak-anikna ku para imam jeung urang Lewi dipindahkeun ka Bait Allah.

⁶ Ti dinya Raja Suleman katut sakumna bangsa Israil kumpul di hareupeun Peti Perjangjian, ngurbankeun domba jeung sapi pirang-pirang, loba teuing mun diitung.

⁷ Sanggeus kitu Peti Perjangjian PANGERAN teh ku para imam diasupkeun ka jero Bait Allah, dipernahkeun di Kamar Pangscina, handapeun jangjang mumukarabinan,

⁸ sarta eta Peti katut rancatanana kaauban ku jangjangna anu maleber.

⁹ Congo-congo rancatanana bisa katenjo ku saha bae anu nangtungna lempeng hareupeun Kamar Pangscina, ari ti beulah sejen mah henteu katembong. (Eta rancatan-rancatan ayana di dinya tetep nepi ka kiwari.)

¹⁰ Eusi Peti Perjangjian taya naon-naonna deui salian ti dua gebleg papan batu sisimpenan Musa keur di Gunung Sinai, basa PANGERAN ngadamel jangji ka urang Israil dina perjalanan maranehna waktu budal ti Mesir tea.

¹¹ (5: 11-14) Para imam ti sagala golongan geus araya, kabeh geus beberesih. Para pamaen musik urang Lewi oge jaronghok: Asap, Heman, Yedutun, jeung para anggota golonganana, marake pakean tina lawon lenen, narangtung deukeut altar pongpok

wetan narabeuh kecrek jeung kacapi, dibarengan ku saratus dua puluh imam nariup tarompet. Breng nyaranyi ditarimbang ku sora tarompet, kecrek jeung tatabeuhan sejen, layeut awor kacida rasmina, maruji sukur ka PANGERAN, pokna, "Sagala puji ka PANGERAN, mulya manah-Na, mikaasih salalanggengna." Sabot para imam kalaluar ti jero Bait Allah, eta gedong ujug-ujug pinuh ku mega anu ngempray, dibarengan ku gebrayna cahaya kamulyaan PANGERAN anu matak serab, nepi ka para imam teu karuateun lila-lila ngabaraktina.

¹²(5: 11)

¹³(5: 11)

¹⁴(5: 11)

6¹Raja Suleman neneda, "Nun PANGERAN,
6²Gusti parantos kersa linggih di nu angkeub sareng poek.

²Dipi ayeuna ku abdi parantos disayagian gedong anu agreng, linggihaneun Gusti sapapaosna."

³Geus kitu raja malik mayun ka sakumna bangsa Israil anu kumpul, mundut berkah Allah keur maranehna.

⁴Ti dinya ngadawuh kieu, "Sagala puji ka GUSTI Allah Israil! Mantenna pengkuh kana jangji anu dikedalkeun ka Daud rama kami anu kieu tea,

⁵Ti semet ngabudalkeun umat Kami ti Mesir, nepi ka waktu ieu Kami tacan nyokot kota anu

mana bae oge di tanah Israil sangkan bisa nyieun gedong tempat Kami dibakti. Jeung tacan ngangkat jelema pikeun jadi lulugu umat Kami Israil.

⁶Ayeuna Kami teh milih Yerusalem pikeun tempat Kami dibakti, sarta maneh, Daud, kudu jadi lulugu umat Kami."

⁷Suleman neruskeun dawuhananana, "Daud rama kami bareto aya manah rek ngadamel gedong paranti ngabakti ka GUSTI Allah Israil.

⁸Tapi dawuhan PANGERAN ka anjeunna, Niat maneh hayang nyieun gedong pikeun Kami teh hade pisan.

⁹Sanajan kitu maneh mah ulah tulus nyieun eta. Gedong pikeun Kami teh sina dijieu ku anak maneh, anak sorangan.

¹⁰Tah ayeuna PANGERAN geus ngabuktikeun eta jangji, reh kami geus ngadeg raja nyangking Israil ngaganti ama, geus anggeus nyieun ieu gedong tempat ngabakti ka GUSTI Allah Israil,

¹¹sarta Peti Perjangjian wadah papan batu anu ngamuat perjangjian anu ditimbalkeun ku PANGERAN ka urang Israil, ku kami geus disimpen di Bait Allah."

¹²Sanggeus kitu Suleman nyaketan altar, ngadeg hareupeunana tuluy nadahkeun panangan, neneda hareupeun sarerea.

¹³Di tengah-tengah buruan Bait Allah teh aya paimbaran tambaga anu diadegkeun ku

Suleman, ukuran dua meter dua puluh senti pasagi, luhurna sameter tilu puluh senti. Suleman mancat kana eta paimbaran, tuluy sideku jeung namprakkeun panangan ka langit, tembong ka sarerea.

¹⁴ Seug unjukan ka PANGERAN, "Nun GUSTI Allah Israil, di satungkebing langit satangkaraking jagat teu aya allah sapertos Gusti. Gusti pengkuh kana timbalan anu diikrarkeun ka ieu umat, sareng ngabuktoskeun kaasih ana maranehna leres-leres tumut ka Gusti.

¹⁵ Gusti tigin kana jangji ka Daud pun bapa. Dinten ieu dawuhan-dawuhan Gusti teh sadayana buktos.

¹⁶ Mugi jangji Gusti anu sanesna oge ka pun bapa, anu nyebatkeun yen upami turunan pun bapa leres-leres tumut kana Hukum Gusti sakumaha anjeunna, tangtos ti turunan anjeunna salamina baris aya anu nyepeng parentah, jadi raja di Israil. Nun GUSTI Allah Israil, mugi hal eta oge dilaksanakeun, ayeuna.

¹⁷ Nun GUSTI Allah Israil, saneskanten jangji Gusti ka Daud teh mugi buktos.

¹⁸ Nanging nun Allah, naha leres-leres Gusti teh iasa linggih di ieu bumi sareng jalmi awewe lalaki? Margi saleganing langit oge dilinggihan ku Gusti mah moal muat, komo ieu gedong kenging abdi, bade cekap kumaha?

¹⁹ Nun PANGERAN Allah panutan, abdi teh abdi Gusti. Mugi ieu piunjuk abdi didangu, mugi panuhun abdi dikabul.

²⁰ Mugi ieu gedong teh diraksa siang wengi. Gusti parantos jangji yen ieu tempat kangge tempat ngabakti ka Gusti. Ku margi kitu, samangsa-mangsa abdi neneda madep ka ieu gedong mugi didangu.

²¹ Samangsa-mangsa abdi, kitu deui umat Gusti, ngunjukkeun paneda madep ka ieu tempat, mugi kersa ngadangukeun. Mugi kersa ngamakbul sareng ngahapunten ka abdi sadaya ti sawarga panglinggihan Gusti.

²² Manawi aya jalmi anu diterka gaduh dosa ka batur dibantun kana altar Gusti di ieu gedong sina sumpah yen teu rumasa,

²³ nun PANGERAN, mugi didangukeun ti sawarga, Iereskeun perkawisna abdi-abdi Gusti teh, anu lepatna mugi dihukum luyu sareng layakna, anu teu lepat mugi dibebaskeun.

²⁴ Manawi umat Gusti, Israil, eleh ku musuh lantaran gaduh dosa ka Gusti, seug dumeuheus ka Gusti di ieu gedong, sareng nyuhunkeun dihapunten kalayan pinuh karumasaan,

²⁵ mugi didangu ti sawarga. Mugi dosa-dosa umat Gusti teh dihapunten, sareng mugi maranehna diwangsulkeun deui ka ieu tanah paparin Gusti ka maranehna sareng ka karuhunna.

²⁶ Manawi Gusti dugi ka teu nurunkeun hujan lantaran umat Gusti gaduh dosa, saupami maranehna tobat sareng madep ka ieu gedong nyanggakeun panuhun kalayan karumasaan,

²⁷ nun PANGERAN, mugi dimakbul ti sawarga, mugi dosa-dosa Israil umat Gusti teh dihapunten, sareng tuduhan pilampaheun anu samunasabahna. Salajengna nun PANGERAN, paparinkeun hujan ka ieu tanah anu ku Gusti parantos dijadikeun milik maranehna sapapaosna.

²⁸ Manawi ieu tanah katarajang tigerat atanapi pagebug, atanapi upami pepelakanana reksak boh ku hama perang, boh ku hama beureum atanapi ku simeut, atanapi upami umat Gusti ditarajang ku musuh, atanapi upami maranehna aya anu katarajang kasakit atanapi paudur,

²⁹ mugi panyambat maranehna didangu. Upami ti umat Gusti, Israil, aya anu katarajang prihatin neneda ka Gusti bari ngangkatkeun leungeun ka lebah ieu Gedong Gusti,

³⁰ mugi Gusti ti sawarga ngadangu panyambatna sareng maparin hapunten. Mung Gusti anu waspaos kana kereteging hate manusa. Mugi satiap jalmi perkawisna ku Gusti ditimbang sakumaha layakna,

³¹ dugi ka umat Gusti teh mikasieun sareng tumut ka Gusti saumur-umur, di tanah anu

ku Gusti parantos dipaparinkeun ka karuhun abdi sadaya.

³² Manawi aya jalmi bangsa sanes di tanah anu tebih ti dieu nguping wartos yen Gusti kalintang agungna, kalintang kawasana, tur salamina sayagi midamel kumaha bae, seug upami manehna dongkap neneda di ieu gedong,

³³ panedana mugi didangu. Mugi panyambat panuhunna dimakbul ti sawarga panglinggihan, supados jalmi-jalmi saalam dunya terang ka pajenengan Gusti sarta aranut sakumaha umat Gusti Israil. Sina tarerangeun yen ieu gedong kenging abdi teh estu tempat paranti ngabakti ka Gusti.

³⁴ Manawi ieu umat kagungan ku Gusti ditimbalan budal merangan musuh, sanaos di mana bae upami nyambat ka Gusti madep ka ieu dayeuh anu ku Gusti parantos kapilih, madep ka ieu gedong kenging abdi,

³⁵ mugi panyambatna didangu, dimakbul ti sawarga, perangna sing unggul.

³⁶ Manawi ieu umat gaduh dosa ka Gusti kawantos taya jalmi anu henteu gaduh dosa seug upami Gusti bendu dugi ka maranehna diantep kasoran ku musuh sareng diboyong ka nagara sanes, sanaos sakumaha tebihna eta nagara,

³⁷ mugi panyambat umat Gusti teh didangu. Manawi di dituna maranehna tarobat sareng sasambat ka Gusti, rarumasaeun kana

kalepatan sareng kadorakaanana, nun PANGERAN, mugi panyambatna didangu.

³⁸ Manawi di ditu teh maranehna leres-leres tarobat sasambat ka Gusti ngiblat ka tanah ieu anu ku Gusti dipaparinkeun ka karuhun abdi sadaya, ngiblat ka ieu dayeuh anu ku Gusti parantos kapilih, sareng ka ieu gedong kenging abdi ngadegkeun keur salira Gusti,

³⁹ mugi panyambatna didangu. Dangu eta umat Gusti teh, pikawelas, hapunten dosa-dosana ti sawarga panglinggihan.

⁴⁰ Ayeuna nun Allah panutan, tingali abdi sadaya, dangukeun panyambat abdi sadaya anu diunjukkeun di dieu.

⁴¹ Sumangga geura ngadeg nun GUSTI Allah, geura lebet ka ieu gedong sinarengan Peti Perjangjian perlambang kakawasaan Gusti, mangga geura linggih di dieu sapapaosna. Mugi berkahsan sagala gawe para imam Gusti. Paparin umat Gusti kabagjaan tawis Gusti teresna ka maranehna.

⁴² Nun GUSTI Allah, mugi raja anu dijenengkeun ku Gusti teh ku Gusti ulah ditampik. Masing emut yen Gusti teh mikaasih ka Daud nu jadi abdi Gusti tea."

7 ¹ Tamat Raja Suleman neneda, seug aya seuneu ragrag ti awang-awang, ngahuru kurban-kurban anu geus dibaktikeun, sarta cahaya kamulyaan PANGERAN ngagebray minuhan Bait Allah.

²Para imam teu bisa asup ka jero, wantu-wantu Bait Allah teh pinuh ku cahaya anu ngagebray.

³Barang urang Israil narenjo seuneu ragrag ti awang-awang jeung cahaya anu minuhan Bait Allah, bruk sarujud nyaruuh kana lante, ngabarakti ka Allah, maruji sukur kana kamulyaan manah jeung sipat asih-Na anu langgeng.

⁴Suleman jeung jalma rea tuluy nyanggakeun kurban-kurban ka PANGERAN.

⁵Sato anu dikurbankeun aya 22.000 sapi jeung 120.000 domba, dijejer kurban panarima. Ku jalan kitu anjeunna jeung jalma rea nyalametkeun eta Bait Allah.

⁶Para imam narangtung di tempat anu baku keur maranehna, ari di hareupeunana narangtung urang Lewi, anu maruji ka PANGERAN dipirig ku tatabeuhan beunang nyayagikeun Raja Daud bareto, nyaranggakeun kidung "Asih Mantenna Salalanggengna!" sakumaha anu ku Daud geus diwajibkeun ka maranehna. Para imam nariup tarompet, jalma rea kabeh nangtung.

⁷Suleman nyucikeun patengahan buruan di latar tepas Bait Allah, sarta di dinya anjeunna nyanggakeun kurban-kurban anu dibujeuleum sagemblengna, kurban gandum jeung ngurbankeun gajih sato-sato kurban karapihan. Nu matak anjeunna ngurbanna di dinya lantaran lamun dina altar tambaga

tea mah moal muat, sabab kurbanna sakitu lobana.

⁸Sanggeus kitu Raja Suleman jeung rahayat Israil ngalampahkeun Pesta Saung Daun tujuh poe lilana. Jalma kacida lobana, daratang ti jauhna, nu ti kaler ti semet Hamat, nu ti kidul ti semet wates tanah Mesir.

⁹Di darinyana lilana tujuh poe pikeun nyalametkeun altar, tujuh poe keur pestana. Dina poe wekasanaan ngayakeun upacara panutup.

¹⁰Dina poe isukna, nya eta tanggal dua puluh tili bulan katujuh, rahayat ku Suleman dipiwarang baralik. Kacida ngarasa bagjana ku sagala berkah PANGERAN anu diganjarkeun ka Israil umat-Na, ka Daud, jeung ka Suleman.

¹¹Sanggeus Raja Suleman beres ngadamel Bait Allah jeung karaton sarta unak-anikna geus lengkep sapuratina,

¹²PANGERAN nembongan ka anjeunna ti peuting sarta ngandika kieu, "Kami geus ngadangu paneda maneh. Ieu gedong paranti ngurban ku Kami ditarima.

¹³Lamun Kami teu nurunkeun hujan, atawa ngadatangkeun hama simeut ngaruksak pepelakan, atawa ngadatangkeun pagebug ka umat Kami,

¹⁴upama maranehna sasambat ka Kami sarta tarobat tina lampah dorakana, ku

Kami tangtu didangu ti sawarga, dosana dihampura, tanahna disina cukul deui.

¹⁵ Ieu gedong bakal diraksa. Sakur paneda anu disambatkeun di dieu tangtu ku Kami didangu,

¹⁶ sabab ieu tempat ku Kami geus ditarima jeung disucikeun pikeun salawasna jadi tempat ngabakti ka Kami. Tangtu ku Kami dijaga diraksa sapapanjangna.

¹⁷ Upama maneh suhud ngawula ka Kami cara Daud, nurut kana hukum-hukum jeung timbalan-timbalan Kami anu diandikakeun ka maneh,

¹⁸ jangji Kami ka bapa maneh tea, nya eta Israil salawasna bakal dirajaan ku anak incuna, tan wande bukti.

¹⁹ Tapi upama maneh jeung rahayat nyimpang tina hukum-hukum jeung parentah-parentah anu diandikakeun ka maneh sarta ngabakti ka allah-allah sejen,

²⁰ tangtu disingkirkeun ti ieu tanah pamere Kami, sarta ieu gedong paranti ibadah, najan ku Kami geus disucikeun jadi tempat ngabakti ka Kami ge bakal ditinggalkeun, sina diseungseurikeun jeung dipupuas ku jalma-jalma di mana mendi.

²¹ Ieu gedong ayeuna sakieu agrengna. Tapi engke mah anu laliwat ka dieu bakal hareraneun heug ngaromong kieu, Na ku naon ieu tanah jeung gedong paranti ibadah teh ku PANGERAN dikieu-kieu?

²²Dijawabna bakal kieu, Lantaranana mah ku sabab maranehna naringgalkeun PANGERAN Allahna anu nuyun karuhunna budal ti Mesir, suhud sumujud jeung ngabaktina ganti ka allah-allah sejen. Kitu sababna nu matak maranehna ku PANGERAN disina cilaka kieu."

8¹Lilana Suleman ngadamel Bait Allah jeung karaton anjeunna teh dua puluh taun.

²Sarta anjeunna ngomean deui kota-kota anu asalna paparin ti Raja Hiram, tuluy sina diareusian ku urang Israil.

³Wewengkon Hamat jeung Soba ku anjeunna dijabel,

⁴kota Palmira di gurun keusik dibentengan. Kota-kota di Hamat anu jadi puseur gudang-gudang bekel diomean deui.

⁵Aya deui kota-kota sejenna anu diomean ku anjeunna nya eta: Bet Horon Girang, Bet Horon Hilir (duanana aya bentengna, lawangna bisa ditulakan),

⁶Baalat, jeung kota-kota anu ku anjeunna didamel tempat gudang-gudang bekel, gudang-gudang kreta jeung tempat kuda. Sagala pangreka manahna hal ngawangun di Yerusalem, di Libanon jeung di sakuliah wewengkon karajaanana ku anjeunna dilaksanakeun.

⁷(8: 7-8) Urang Kanaan anu salamet tina panggempur urang Israil waktu tanah

maranehna dijabel, ku Suleman diwajibkeun gawe paksa, nya eta urang Het, urang Emor, urang Pares, urang Hiwi jeung urang Yebus. Turunan maranehna nepi ka ayeuna tetep jaradi abid.

⁸(8: 7)

⁹Urang Israil mah henteu disina gawe kitu, tapi dijadikeun prajurit, satria, senapati kareta jeung prajurit kuda.

¹⁰Aya dua ratus lima puluh urang anu dijadikeun kapala purah ngatur anu digarawekeun dina rupa-rupa wawangunan.

¹¹Prameswarina, putra raja Mesir tea ku Suleman dipangdamelkeun bumi sarta terus dialihkeun ka dinya ti Kota Daud, sabab saur Suleman, "Prameswari calikna ulah di karaton Daud raja Israil, lantaran tiap tempat anu dicicingan ku Peti Perjangjian teh suci."

¹²Suleman ngadamel kurban haturan PANGERAN dina altar damelanana tea di hareupeun Bait Allah.

¹³Nyanggakeun kurban-kurban beuleuman nurutkeun kamistian anu kaungel dina Hukum Musa, anu kudu dilampahkeun dina saban poe anu dimulyakeun, dina poe Sabat, dina poe Pesta Bulan Anyar, jeung dina poe pesta taunan anu tilu rupa: Pesta Roti Teu Make Ragi, Pesta Panen, jeung Pesta Saung Daun.

¹⁴Anjeunna ngatur kawajiban para imam sapopoena, ngatur kawajiban urang Lewi dina ngabantu papancen para imam tea jeung

ngawihkeun kidung-kidung, nurutkeun aturan beunang Daud ramana. Ngatur para pangawal Bait Allah, ngatur rombongan-rombongan jagaan sapopoena di unggal gapura, sakumaha anu diparentahkeun ku Daud, abdi Allah tea.

¹⁵Sagala aturan ti Daud pikeun para imam jeung urang Lewi ngeunaan tempat-tempat panyimpenan rajabrama jeung hal-hal lianna, kabeh dijalankeun taya anu kaliwat.

¹⁶Sagala padamelan Suleman geus anggeus kalawan samakta, ti mimiti masang pademen Bait PANGERAN nepi ka kabeh lengkep sapuratina geus anggeus tur beres-roes.

¹⁷Sangeus kitu Suleman angkat ka Esion Geber jeung Elat, dua palabuan di basisir Teluk Akaba di tanah Edom.

¹⁸Ku Raja Hiram dikintunan kapal-kapal katut para nangkodana jeung matros-matrosna anu geus rea pangalamanana. Ti dinya eta kapal-kapal teh balayar ka tanah Opir jeung nangkoda-nangkoda Suleman. Ana daratang deui ka Suleman nyerenkeun emas leuwih ti lima welas rebu kilo lobana.

9¹Ratu nagri Syeba ngadangu warta hal kamashuran Raja Suleman, tuluy anjeunna ngadongdon ka Yerusalem seja ngajajal kapinteran Suleman ku sual-sual. Angkatna nyandak pangiring loba pisan, bari nyandak pirang-pirang onta dimomotan wawangian, permata-permata, jeung emas

kacida lobana. Sanggeus tepang jeung Suleman, ratu ngasongkeun sual-sual anu geus aya dina manahna.

²Panyualna kabeh kawaler, keur Suleman taya pisan sual anu henteu beunang.

³Barang ratu nagri Syeba uninga kana kapinteran Suleman, tur ningali karaton beunang Suleman ngadegkeun,

⁴ningali katuangan anu ditata dina mejana, ningali patempatan para pajabatna, ningali aturan gawe para ponggawa karaton katut saragemna, ningali dangdanan abdi-abdi anu ngalaladenan tuang, jeung ningali kurban-kurban anu dijalankeun di Bait Allah, ratu teh batih kataji jeung helok.

⁵Ratu misaur ka raja, "Raja leres-leres pinter binekas, cocog sareng wartos anu kakuping di nagara sim kuring.

⁶Sakawitna wartos teh ku sim kuring teu dipercanten, nya teras dongkap nyaksian sorangan. Geuning wartos anu dugi ka sim kuring teh henteu paro-parona acantina sajembaring kapinteran Jeng Raja anu saleresna. Jeng Raja estu langkung-langkung pinter ti batan anu kacarioskeun.

⁷Bagja temen rahayat anu kumawula ka salira, anu teu petot-petot marek sareng kasinugrahan tiasa ngupingkeun pitutur-pitutur kabijaksanaan Jeng Raja!

⁸Sagala puji ka PANGERAN, Allah Jeng Raja! Mantenna parantos namplotkeun kaasih

ka salira dugi ka diangkat jadi raja ngasta nagara kalayan pajenengan Mantenna. Tawis Mantenna asih ka Israil umat-Na, sareng mikahoyong sangkan umat-Na sumujud ka Mantenna sapapaosna, salira teh ku Mantenna dijenengkeun raja supados iasa miara hukum sareng kaadilan."

⁹Ratu ngahaturkeun cacandakanana ka Raja Suleman: emas leuwih ti opat rebu kilo, wawangian jeung permata-permata kacida lobana. Wawangian hadiah ti ratu Syeba ka Suleman kacida haradena, teu aya anu ngungkul-an.

¹⁰(Abdi-abdi Raja Hiram jeung abdi-abdi Suleman tea, kajaba ti mawa emas ti Opir teh mawa kayu candana jeung permata-permata ongkoh.

¹¹Kai candana tea ku Suleman dijieunan tetecean-tetecean Bait Allah jeung karatonna, sawareh dijieunan kacapi jeung gambus paranti para pamaen musik. Di tanah Yuda tadina tacan aya nu model kitu.)

¹²Hadiah ti ratu Syeba ku Suleman dibales. Jeung naon bae anu dipundut ku eta ratu ku Suleman dipaparinkeun. Ti dinya ratu mulih jeung pangiringna ka Syeba.

¹³Unggal taun Raja Suleman meunang emas lobana meh dua puluh tilu rebu kilo,

¹⁴jaba pajeg ti para padagang jeung para sudagar. Raja-raja Arab jeung para

gubernur wewengkon-wewengkon Israil oge nyaranggakeun perak jeung emas.

¹⁵ Suleman ngadamel kepeng anu galedé dua ratus siki, masing-masing dilakop ku emas tujuh kilo, emasna diteupa.

¹⁶ Kepeng-kepeng anu leutikan oge ngadamel tilu ratus siki, masing-masing dilakop ku emas tilu kilo diteupa. Kabeh ku anjeunna disimpen di hiji rohangan anu disebutna Karaton Leuweung Libanon.

¹⁷ Jeung deui raja ngadamel hiji singgasana gede, sabagian dilapisan ku gading, sabagian dilapisan ku emas tulen,

¹⁸ make tetecean genep hambal jeung diberean jojodog sampean anu dibulen ku emas ngahiji kana singgasana. Kenca katuhu singgasana make leungeun, gigireunana masing-masing make sisingaan anu narangtung.

¹⁹ Teteceanana oge make sisingaan dua belas, ungal tungtung hambalan hiji sisingaan. Di karajaan sejen tacan aya singgasana anu model kitu.

²⁰ Lumur-lumur kagungan Raja Suleman kabeh tina emas, sagala rupa wawadahan anu aya di Karaton Leuweung Libanon kabeh tina emas tulen. Dina jaman Suleman perak mah dianggap taya hargana.

²¹ Anjeunna kagungan kapal-kapal purah lalautan, balayarna babarengan jeung kapal-kapal Raja Hiram. Tilu taun sakali

kapal-kapalna mulang mawa emas, perak, gading, lutung, jeung monyet.

²² Di saalam dunya taya hiji raja anu ngungkulan kabeungharan jeung kapinteran Raja Suleman.

²³ Raja-raja sejen sarumping ka anjeunna seja ngabarandungan kapinteranana anu dikurniakeun ku Allah.

²⁴ Unggal raja sumpingna jeung kikintunan, barang-barang tina emas jeung perak, jubah, pakarang, wawangian, kuda, jeung bigal. Kitu bae unggal-unggal taun.

²⁵ Jeung deui Suleman kagungan opat rebu gedogan pikeun kuda jeung kreta, kagungan pasukan kuda dua welas rebu urang. Ditempatkeunana sawareh di Yerusalem, sawareh deui dipencar di kota-kota sejenna.

²⁶ Ti semet Walungan Eprat nepi ka tanah Pelisti jeung wawatesan tanah Mesir, anjeunna raja anu pangpunjurha.

²⁷ Jaman anjeunna marentah, perak teh di Yerusalem mah dianggap barang biasa, disaruakeun jeung batu. Kayu kiputri oge lobana mangpirang-pirang cara kayu-kayu camara biasa anu di lamping-lamping pasir di Yuda.

²⁸ Ti Mesir jeung ti nagara-nagara sejenna Suleman ngadatang-datangkeun kuda.

²⁹ Carita Raja Suleman salian ti eta ti awal nepi ka ahir, aya dina Kitab Carita Nabi Natan, dina Kitab Piwejang Ahia urang Silo, jeung

dina Kitab Wahyu Nabi Ido anu ngamuat oge carita hal pamarentahan Yarobam raja Israil.

³⁰Suleman ngarajaan sakuliah Israil lilana opat puluh taun, calikna di Yerusalem.

³¹Sanggeus pupus dimakamkeun di Kota Daud, tuluy Rehabam putrana jadi raja ngagentos anjeunna.

10¹Rehabam angkat ka Sekem, sabab keur didaragoan di ditu ku urang Israil kaom-kaom kaler, rek dijenengkeun raja.

²Barang Yarobam bin Nebat anu keur aya di Mesir nyinkahan Raja Suleman, ngareungeu beja kitu, gancang bae mulang.

³Ku urang Israil kaom-kaom kaler anjeunna diala, ti dinya bareng nepungan Rehabam, tuluy mihatur kieu ka Rehabam,

⁴"Tanggungan anu ku tuang rama dikeunakeun ka kuring sadaya kacida ngaripuhkeunana. Manawi anjeun kersa maparin kaentengan malar hirup kuring sadaya ulah ripuh teuing, kuring sadaya seja satia jadi bawahan."

⁵Waler Rehabam, "Kaula menta tempo tilu poe rek nimbang-nimbang heula. Engke bae ka darieu deui." Jalma-jalma terus budal.

⁶Rehabam mundut pituah para sesepuh urut jurunasehat Suleman, ramana. Saurna, "Kumaha timbangan Bapa-bapa, jawab kumaha eta jelema-jelema teh?"

⁷Piunjuk para sesepuh, "Upami Jeng Putra nembongkeun kahemanan, ngawaler ku nu

pigenaheun hatena, tangtos maranehna bakal satia kumawula ka Jeng Putra."

⁸Tapi eta nasehat para sesepuh teh ku anjeunna teu ditolih, anggur nepangan juru-juru nasehat nu diangkat ku anjeunna, barudak anu saumur jeung anjeunna.

⁹Saurna, "Cik pirempug aranjeun kumaha hadena kuring teh? Jawab kumaha eta jelema-jelema anu marenta kaentengan teh?"

¹⁰Jawab maranehna, "Saurkeun kieu, Cinggir kami leuwih gede ti batan cangkeng ama kami.

¹¹Saurkeun deui kieu, Tanggungan maraneh ti ama kami memang beurat. Ku kami rek dijieu leuwih beurat. Maraneh ku ama kami disabet ku pecut, ku kami mah rek dibabukan ku pecut cucuk beusi!"

¹²Sanggeus tilu poe tea, Yarobam jeung jalma loba ngadareuheus deui ka Raja Rehabam sakumaha pamundutna.

¹³Tapi raja lain nurut kana pituah para sesepuh. Ngawalerna ge keras,

¹⁴da nurutkeun timbangan anu ngarora. Saurna kieu, "Ama kami mere tanggungan beurat ka maraneh. Tanggungan ti kami mah bakal beuki beurat. Ama kami nyabet ka maraneh ku pecut, kami mah arek ngababukan ku pecut cucuk beusi!"

¹⁵Jadi raja teh henteu malire kana pamenta eta jelema-jelema. Eta geus kitu dikersakeunana ku GUSTI Allah, sangkan

Iaksana pangandika-Na ka Yarobam bin Nebat ku perantaraan Ahia jurupeleng ti Silo.

¹⁶ Barang geus tetela yen pamentana ka raja teu dipalire, seug tinggorowok pokna, "Rorod Daud saturunanana! Naon jasana ka urang? Eh urang Israil, baralik! Keun Rehabam mah sina kumaha karepna!" Jadi urang Israil teh barontak.

¹⁷ Rehabam pada ninggalkeun, jadi raja ge ngan keur rahayat di wewengkon Yuda wungkul.

¹⁸ Anggeus kitu Rehabam miwarang Adoniram anu keur ngamandoran jelema-jelema anu gawe paksa, dipiwarang nepungan urang Israil. Tapi tiwas pada ngabenturan ku batu. Sanggeus uninga kitu, clak Rehabam kana kareta, rurusuhan kabur ka Yerusalem.

¹⁹ Ti harita rahayat karajaan Israil kaler ngalawan ka raja terah Daud.

11 ¹Sasumpingna ka Yerusalem, Rehabam ngumpulkeun prajurit anu panghadena ti kaom Binyamin jeung kaom Yuda, saratus dalapan puluh rebu urang, rek merangan kaom-kaom Israil kaler, pikeun ngarebut deui kakawasaanana.

²Tapi aya timbalan PANGERAN ka Nabi Semaya,

³anu kudu ditepikeun ka Raja Rehabam jeung rahayat kaom Yuda jeung Binyamin. Dawuhana-Na,

⁴"Ulah merangan ka Israil dulur sorangan. Maraneh geura baralik bae. Kajadian kieu geus pangersa Kami." Maranehna narurut kana timbalan PANGERAN, teu tulus merangan Yarobam.

⁵Rehabam tetep calikna di Yerusalem. Kota-kota di wewengkon Yuda jeung Binyamin ku anjeunna dibentengan:

⁶Betlehem, Etam, Tekoa,

⁷Betsur, Soko, Adulam,

⁸Gat, Maresa, Sip,

⁹Adoraim, Lakis, Aseka,

¹⁰Sora, Ayalon jeung Hebron.

¹¹Unggal benteng dicekel ku hiji panglima, lengkep jeung bebekelanana, bahan dahareun, minyak jetun, anggur,

¹²kitu deui kepeng jeung tumbak. Ku jalan kitu anjeunna tetep ngawasaan wewengkon Yuda jeung Binyamin.

¹³Ti sakabeh wewengkon Israil, para imam jeung urang Lewi parindah ka Yuda, wewengkon kidul.

¹⁴Urang Lewi nepi ka cul sampalan cul tanah, parindah ka Yuda jeung ka Yerusalem, lantaran ku Yarobam anu geus jadi raja di Israil jeung ku pigantieunana teu meunang terus jaradi imam PANGERAN.

¹⁵Malah-malah Yarobam geus ngangkat imam-imam gantina, sina manghuluan di tempat-tempat ngabakti ka brahala, kudu ngabarakti ka jin-jin jeung ka arca-arca

anu dirupakeun sapi beunang anjeunna ngadamel.

¹⁶Rahayat di ungal kaom Israil, anu enya-enya sejana ngabakti ka PANGERAN Allah Israil, marilu pindah jeung urang Lewi ka Yerusalem, harayangeun tetep bisa ngurban ka PANGERAN, Allah karuhunna.

¹⁷Atuh karajaan Yuda jadi tambah reugreug dibantu ku maranehna meunang tilu taun. Hirup maranehna tetep sakumaha keur waktu dirajaan ku Raja Daud jeung Raja Suleman.

¹⁸Rehabam garwaan ka Mahalat binti Yerimot bin Daud. Ibuna Mahalat nya eta Abihail binti Eliab, putu Isai.

¹⁹Kagungan putra pameget tilu: Yehus, Semarya jeung Saham.

²⁰Garwaan deui ka Maaka binti Absalom, puputra opat pameget: Abia, Atai, Sisa jeung Selomit.

²¹Geureuha Rehabam kabehna dalapan welas, parekanana genep puluh. Ari putra-putrana dua puluh dalapan pameget, genep puluh istri. Ti saantero garwa jeung parekan, Maaka anu pangdipikacintana,

²²sarta asihna ka putra anu jenengan Abia leuwih ti ka putra-putra lianna, nepi ka dicadangkeun baris jadi raja gegentos anjeunna.

²³Kalawan wijaksana Rehabam maparin rasa tanggung jawab ka putra-putra anu pameget. Pala putrana dipencar di kota-kota anu

dibenteng di sakuliah wewengkon Yuda jeung Binyamin, sagala kaperluanana disayagikeun sacukupna, malah dipanglamarkeun pigarwaeun loba pisan.

12¹ Tacan lila Rehabam jadi raja nyepeng kakawasaan, anjeunna jeung rahayatna tuluy mengpar tina Hukum PANGERAN.

²Dina taun kalima pamarentahan Raja Rehabam, kateusatiaan maranehna ka PANGERAN teh meunang hukuman. Raja Sisak ti nagara Mesir ngarurug ka Yerusalem,

³pasukanana dua welas rebu kareta, genep puluh rebu prajurit kuda, jeung prajurit lianna lobana tanpa wilangan, campur jeung pasukan-pasukan urang Libia, urang Sukit, urang Sudan.

⁴Sanggeus ngarebut kota-kota Yuda anu dibenteng tea, Raja Sisak terus maju nepi ka Yerusalem.

⁵Nabi Semaya ngadeuheus ka Raja Rehabam jeung ka para pamingpin urang Yuda anu keur timplek ka Yerusalem nyingkahan Sisak. Anjeunna ngalahir, "Kieu timbalan PANGERAN, Maraneh enggeus ninggalkeun Kami. Ku sabab eta Kami ge rek ninggalkeun ka maraneh, ku Kami rek diserenkeun ka Sisak."

⁶Raja jeung para pamingpin rarumasaeun kana dosana, sarta salaurna, "Parantos layak pisan PANGERAN midamel kitu teh."

⁷ Ningali kaayaan kitu PANGERAN ngandika ka Semaya, dawuhana-Na, "Ku sabab maranehna rarumasaeun kana dosana, ku Kami moal nepi ka dimusnakeun. Lamun engke geus ditarajang ku Sisak, rek dibere karahayuan saeutik. Yerusalem moal sakumaha nandangan bebendu Kami.

⁸ Tapi teu meunang henteu, kudu eleh ku Sisak, sina ngararasaeun bedana antara ngawula ka Kami jeung ngawula ka raja-raja alam dunya."

⁹ Sanggeus Sisak nepi ka Yerusalem, tuluy ngajabelan raja brana nu aya di Bait Allah jeung di karaton. Sagala rupana dikeduk, kitu deui kepeng-kepeng emas dadamelan Raja Suleman tea.

¹⁰ Ti dinya Rehabam ngadamel gantina ku kepeng-kepeng tina tambaga, tuluy dititipkeun ka para kapala kawal gapura karaton.

¹¹ Saban raja angkat ka Bait Allah eta kepeng-kepeng ku para pangawal dibawa ka Bait Allah, geus kitu diasupkeun deui ka kamar jaga.

¹² Ku sabab anjeunna ngangken dosa ka PANGERAN, bebendu PANGERAN rada leler, anjeunna henteu sakumaha dicilakakeunana, kaayaan nagara Yuda oge hade.

¹³ Rehabam marentah di Yerusalem jadi raja mekarkeun kakawasaanana. Mimiti jumeneng dina yuswa opat puluh hiji taun, marentahna

tujuh welas taun, calikna di Yerusalem anu ku PANGERAN dianggo ti saantero tanah Israil paranti ngabakti ka Mantenna. Jenengan ibuna Naama asal ti tanah Amon.

¹⁴ Rehabam teu kersa nuturkeun pangersa PANGERAN, lampahna goreng.

¹⁵ Laku lampah Rehabam ti awal nepi ka ahir, kitu deui hal pala putrana, kaungel dina kitab-kitab Carita Nabi Semaya jeung Carita Nabi Ido. Rehabam salawasna ngan perang bae jeung Yarobam.

¹⁶ Sanggeus pupus dikurebkeun di makam karajaan di Kota Daud. Ti dinya Abia putrana ngaganti jadi raja.

1 3¹ Abia mimiti jadi raja nagara Yuda dina taun kadalapan welas Raja Yarobam ngarajaan Israil.

² Ngarajaanana tilu taun, calikna di Yerusalem. Jenengan ibuna Mikaya binti Uriel asal ti kota Gibea. Antara Abia jeung Yarobam pecah perang.

³ Balad Abia 400.000 prajurit ku Yarobam diayonan ku 800.000 prajurit.

⁴ Eta dua pasukan balad amprok di pagunungan Epraim. Raja Abia unggah ka Gunung Semaraim, cumeluk ka Yarobam jeung ka urang Israil. Cumelukna, "Dengekeun ieu kami!

⁵ Na teu nyaraho PANGERAN Allah Israil ngadamel perjangjian ka Daud, anu ungelna

karajaan Israil salawasna bakal dirajaan ku anjeunna turun-tumurun?

⁶Yarobam bin Nebat barontak ka Suleman, rajana,

⁷heug ngumpulkeun jalma-jalma bangkawarah, ngadedetkeun pakarepanana ka Rehabam putra Suleman. Harita Rehabam teu bisa naon-naon, kawantu ngora keneh pisan jeung can aya pangalaman.

⁸Ayeuna maraneh aya karep ngalawan kawibawaan karajaan anu ku PANGERAN geus dipaparinkeun ka Daud turun-tumurun. Balad maraneh kacida lobana, baroga sasapihan emas, allah maraneh beunang nyieun Yarobam.

⁹Imam-imam PANGERAN turunan Harun ku maraneh diusir kabeh, kitu deui urang Lewi, diganti ku imam-imam anu samodel jeung imam-imam bangsa sejen. Sambarang jalma, asal mawa sapi hiji atawa domba tujuh siki bisa diangkat jadi imam, anu dikawulakeun ka anu ku maraneh disebut jeung diaku allah.

¹⁰Mungguh kami mah sarerea tetep sumeja kumawula ka PANGERAN, Allah kami, moal nepi ka ninggalkeun. Para imam turunan Harun tetep-tetep nedunan papancen, dibantu ku urang Lewi.

¹¹Unggal-unggal poe, isuk-isuk jeung pasosore teu kendat ka Mantenna ngahaturanan seuseungitan jeung sato peuncitan anu dibeuleum weuteuh.

Maranehna tetep ngambengkeun roti dina meja suci, unggal magrib nyeungeutan lampu dina ajug emas. Naon bae timbalan PANGERAN ku kami dilampahkeun, sabalikna maraneh mah nyungkir ti Mantenna.

¹²Pamingpin kami Allah ku manten, sarta imam-imam Mantenna araya di dieu, kari nariup tarompet ngahucuhkeun kami maju jurit ngagempur maraneh. Eh urang Israil, pacuan ngalawan ka PANGERAN Allah karuhun maraneh! Pamohalan bisa meunang!"

¹³Sabot kitu Yarobam nginditkeun sawatara pasukan sina ngabongohan balad Yuda ti tukang, pasukan-pasukan sejenna sina ngambreg ti hareup.

¹⁴Barang balad Yuda ngimpleng ka sakuriling, geuning geus katingker. Seug sasambat neda tulung ka PANGERAN. Para imam nariup tarompet.

¹⁵Ger balad Yuda ngagero tuluy narajang musuh dijejeran ku Abia. Yarobam jeung sabalad Israil dielehkeun ku Allah.

¹⁶Balad Israil kabur ti balad Yuda, ku Allah diserenkeun ka balad Yuda.

¹⁷Balad Israil lebur diamuk ku Abia sabaladna. Aya 500.000 urang serdadu Israil anu panggagahna beak kasambut.

¹⁸Urang Yuda bisa ngelehkeun urang Israil, eta lantaran maranehna ngandel ka PANGERAN, Allah karuhunna.

¹⁹ Balad Yarobam ku Abia hantem diberik. Kota-kotana aya anu bisa diandih ku Abia, nya eta Betel, Yesana jeung Epron, katut desa-desa anu dareukeutna.

²⁰ Sapanjang Abia jadi raja, Yarobam teu bisa mulihkeun deui kakawasaanana, sarta ahirna anjeunna tiwas digebug ku PANGERAN.

²¹ Sabalikna Abia kakawasaanana beuki mekar. Garwa Abia opat welas, putrana dua puluh dua pameget, genep welas istri.

²² Carita Abia salian ti eta, kasauranana jeung lampahna kaungel dina Kitab Carita Nabi Ido.

14 ¹Raja Abia geus pupus, dikurebkeun di makam karajaan di Kota Daud. Asa, putrana ngagentos jadi raja. Dina cangkingan Asa nagara teh kerta sapuluh taun lilana.

²Lampah Asa sapagodos jeung pangersa PANGERAN Allahna, bener jeung hade.

³Altar-alter bangsa sejen jeung tempat-tempat ngabakti ka brahala ku anjeunna disingkir-singkirkeun, pilar-pilar karamatna dirugrug-rugrugkeun, arca-arca Asera diteukteukan.

⁴Urang Yuda ditimbalan kudu ngalampahkeun pangersa PANGERAN, Allah karuhun maranehna, kudu nurut kana papakon-papakon jeung timbalan-timbalan Mantenna.

⁵Tempat-tempat paranti ngabakti ka brahala jeung altar-alter pangukusanana

dileungit-leungitkeun ti unggal kota nagara Yuda. Ku sabab kitu karajaan teh dina cangkingan anjeunna jadi kerta.

⁶Dina pamarentahanana, kota-kota nagara Yuda dibenteng, mangtaun-taun tara nyorang perang, sabab anjeunna ku PANGERAN dipaparin reureuh.

⁷Dawuhan Asa ka urang Yuda, "Urang ngabenteng kota-kota, make kuta jeung munara-munarana, make lawang anu bisa ditutup ditulakan. Urang bisa nyangking ieu tanah lantaran geus ngalampahkeun pangersa PANGERAN, Allah urang. Ku Mantenna dijaga, reugreug ti unggal pihak." Prak dipigawe reujeung lulus mulus.

⁸Balad Asa 300.000 urang Yuda, pakarangna kepeng jeung tumbak, 280.000 urang Binyamin, pakarangna kepeng jeung panah, kabeh garagah sarta asak latih.

⁹Aya hiji jelema urang Sudan ngaranna Serah, ngarurug ka nagara Yuda. Baladna sajuta prajurit, tilu ratus kareta, geus daratang ka Maresa.

¹⁰Asa kaluar seja ngayonan. Itu ieu geus pahareup-hareup di Lebak Sepata deukeut Maresa.

¹¹Asa sasambat ka PANGERAN Allahna, piunjukna, "Nun PANGERAN, Gusti mah tangtos gampil bae mitulung ka balad alit balad ageung oge. Tulungan abdi sadaya nun Gusti PANGERAN, reh abdi sadaya percanten

ka Gusti, reh bade ngayonan balad anu sakitu ageungna teh ngemban pajenengan Gusti, nun PANGERAN, Allah abdi sadaya! Moal aya anu unggul ngalawan ka Gusti."

¹²Ti dinya balad urang Sudan ditarajang ku Asa sabalandna, eleh tuluy kalabur,

¹³diobrot ku Asa jeung pasukanana nepi ka Gerar. Kacida lobana serdadu Sudan anu tiwas, barisanana teu bisa tagen. Maranehna dielehkeun ku PANGERAN jeung balad-Na. Balad-balad meunang rampasan perang kacida lobana.

¹⁴Malah terus narajang jeung ngelehkeun kota-kota sakuriling Gerar, wantu-wantu pribumina geus kacida ngarasa gimirna ku PANGERAN. Kota-kotana diranjah, dunyabranana dijarah kacida lobana.

¹⁵Sanggeus ngagempur eta terus ngagempur pakampungan-pakampungan tukang ngangon, ngarampasan domba jeung onta loba pisan. Geus kitu kakara balad teh mulang ka Yerusalem.

15¹ Roh Allah sumping ngauban ka Asarya putra Oded.

²Asarya ngadeuheus ka Raja Asa, tuluy unjukan tarik, "Kangjeng Raja! Kitu deui aranjeun urang Yuda jeung Binyamin, reungeukeun! Sapanjang Kangjeng Raja tumut ka PANGERAN, ku Mantenna tangtos disareangan, ana Mantenna dipilari tangtos Mantenna mendakan. Sawangsulna upami

Raja mungkur ti Mantenna, Mantenna oge tangtos nilarkeun.

³Urang Israil kantos lami pisan hirup tanpa Allah nu sajati, tanpa imam anu ngawulang, tanpa hukum.

⁴Nanging barang katarajang mamala, seug marulang ka PANGERAN, Allah Israil, nareangan ka Mantenna sarta kapendak.

⁵Jaman eta taya jalmi anu tiasa lunta aman, margi sakuliah nagara nuju ribut sareng pakucrut.

⁶Bangsa-bangsa silih pencet, nagara-nagara silih gencet, karana ku Allah diririweuh ku rupa-rupa mamala.

⁷Sing tagen, ulah salempang. Karana damel Kangjeng Raja tinangtos aya pahlana."

⁸Ngadangu piwejang Asarya putra Oded kitu, Asa ngaraos teger. Geus kitu anjeunna ngagempur arca-arca sesembahan di sakuliah tanah Yuda jeung Binyamin, kitu deui di kota-kota pagunungan Epraim anu dijabelan ku anjeunna. Altar PANGERAN di buruan Bait Allah diomean.

⁹Jalma-jalma ti wewengkon Epraim, ti wewengkon Menase, jeung ti wewengkon Simeon loba anu sumolondo ka Asa, tuluy tetep-tumetep di karajaan anjeunna, lantaran nyarahoeun anjeunna disareangan ku PANGERAN. Asa nimbalan kumpul ka maranehna bareng jeung urang Yuda jeung urang Binyamin,

¹⁰seug maranehna karumpul di Yerusalem, dina bulan katilu taun kalima welas Asa jadi raja.

¹¹Dina poe eta maranehna ngurbankeun sato-sato beunang ngajarah tea ka PANGERAN, sapi tujuh ratus, domba tujuh rebu.

¹²Geus kitu samiuk ngucapkeun jangji seja satia ngabakti ka PANGERAN, Allah karuhunna, seja anut terus jeung ati sanubari.

¹³Anu henteu ngabakti ka Mantenna saha bae, kolot, ngora, lalaki, awewe, bakal dipaehan.

¹⁴Breng ngucapkeun ikrar ditarikkeun kalawan nyebut jenengan PANGERAN yen seja nohonan jangjina. Geus kitu ger surak dipirig ku nu nariup tarompet.

¹⁵Sanggeus ngucapkeun ikrar terusing ati sanubari urang Yuda kabeh ngarasa bagja, jadi raresep ngabakti ka PANGERAN. Ku PANGERAN ditampi sarta ti unggal pihak maranehna disina kerta.

¹⁶Raja Asa mecat Maaka, eyang istri tina kalungguhan ibu suri, sabab ngadamel arca anu pikagirukeun, arca Asera. Arcana ku Asa ditigas, dicacag tuluy diduruk di Lebak Kidron.

¹⁷Ari tempat-tempat ngabakti ka brahala ku Asa henteu kabeh digempurna. Tapi sapanjang anjeunna jumeneng tetep sumujud ka PANGERAN.

¹⁸ Barang-barang anu ku Abia, ramana, enggeus dibaktikeun ka Allah kitu deui barang-barang tina emas jeung perak anu dibaktikeun ku anjeunna pribadi, disimpen di Bait Allah.

¹⁹ Salila tilu puluh lima taun dina cangkingan anjeunna, tara aya perang.

16 ¹Dina taun katilu puluh genep Raja Asa nyangking nagara Yuda, Raja Baasa ti Israil ngarurug ka Yuda. Eta raja nohagaan kota Ramah, megatkeun jalan kaluar asup ka nagara Yuda.

² Asa ngaluarkeun perak jeung emas ti Bait Allah jeung ti karaton, dikirimkeun ka Raja Benhadad, raja Siria anu calikna di Damsik. Titip saur kieu,

³ "Kaula ngahaturkeun ieu perak sareng emas. Urang silih bantu sapertos rama urang kapungkur. Baasa raja Israil ulah dibantu deui, sina ngundurkeun baladna ti wewengkon kaula."

⁴ Pangajak Asa ku Benhadad ditarima. Eta raja nginditkeun panglimana mawa balad ngagempur kota-kota nagara Israil, ngarebut Iyon, Dan, jeung Abel Bet Maaka, kitu deui kota-kota di wewengkon Naptali tempat gudang-gudang bekel.

⁵ Barang Raja Baasa ngadangu eta kajadian seug nunda padamelanana nohagaan Ramah tea.

⁶Ti dinya Raja Asa ngumpulkeun rahayat ti sakuliah Yuda, ditimbalan ngakutan batu jeung kayu urut Baasa di Ramah, tuluy dipake nohagaan kota Geba jeung Mispa.

⁷Mangsa eta, Nabi Hanani ngadeuheus ka Raja Asa, unjukan kieu, "Ku margi Gusti mundut dibantu ka raja Siria, sanes muntang ka PANGERAN Allah Jeng Raja, balad Israil jadi luput ti Gusti.

⁸Dipi balad katut pasukan karetana sareng pasukan serdadu kuda urang Sudan sareng urang Libia tea oge sanes sakitu ageungna? Geuning ku PANGERAN diserenkeun, Gusti anu unggul da muntang ka Mantenna.

⁹PANGERAN teh teu weleh neuteup-neuteup ngawaskeun ka saalam dunya, seja maparin pitulung ka sing saha anu suhud hate ka Mantenna. Eta damel Gusti kitu teh kalintang bodona. Mana ti ngawitan wangkid ieu Gusti moal kendat-kendat perang."

¹⁰Rey bae Asa geregeteun, heug nabi teh dirante. Ti wates harita Asa mimiti telenges ka sawatara rahayatna.

¹¹Kajadian-kajadian dina jaman pamarentahan Asa ti awal nepi ka ahir, kaungel dina Kitab Babad Raja-raja Yuda jeung Israil.

¹²Dina taun katilu puluh salapan jadina raja, Asa katerap kasawat dina dampal sampean parna pisan nepi ka jadi wuwudon. Tapi ti

batan mundut pitulung ka PANGERAN, anggur dudukun.

¹³Dua taun ti harita anjeunna pupus,

¹⁴tuluy dikurebkeun di Kota Daud, pajaratana karang beunang natah anjeunna keneh. Layonna diboborehan ku bungbu-bungbu jeung minyak seungit, sarta rahayat masang api unggun nandakeun sungkawa katilar ku anjeunna.

17 ¹Yosapat jadi raja ngagentos Asa, ramana, sarta nohagaan kakuatan keur ngayonan Israil.

²Nempatkeun pasukan-pasukan di saban kota benteng di Yuda jeung di pasision wewengkon Yuda, kitu deui di kota-kota pagunungan di wewengkon Epraim anu geus dijabel ku Asa bareto.

³Yosapat diberkahan ku PANGERAN, sabab nuturkeun tapak kalakuan ramana anu beh ditu beh ditu, henteu ibadah ka Baal.

⁴Sumujud ka Allah panutan ramana, tunduk kana timbalan-timbalana-Na, henteu cara kalakuan raja-raja Israil.

⁵Yosapat nyangkingna karajaan Yuda ditohagakeun ku PANGERAN, pada ngahaturanan pangbakti ku rahayatna, jadi kacida beungharna tur kacida diajenanana.

⁶Anjeunna ngaraos bagja ngabdi ka PANGERAN. Tempat-tempat ngabakti ka brahala jeung arca-arca Asera nu aya di Yuda ku anjeunna digempur.

⁷ Dina taun katilu jumenengna raja, anjeunna ngutus Benhail, Obaja, Jakaria, Netanel, jeung Mikaya, sina ngawuruk ka urang Yuda.

⁸ Maranehna dibaturan ku salapan urang Lewi, nya eta Semaya, Netanya, Sebaja, Asahel, Semiramot, Yonatan, Adonia, Tobia, jeung Tob Adonia. Aya imamna duaan, nya eta Elisama jeung Yehoram.

⁹ Maranehna ngideran sakuliah karajaan Yuda, mawa buku Hukum PANGERAN, ngawuruk rahayat.

¹⁰ Karajaan-karajaan di sakurilingna ku PANGERAN disina sarieuneun ka Raja Yosapat, taya anu wanieun merangan.

¹¹ Urang Pelisti mah sawareh aya anu mawakeun perak kacida lobana jeung rupa-rupa deui pangbakti ka Yosapat. Jeung aya sababaraha urang Arab anu mere domba 7.700 siki jeung embe 7.700 siki.

¹² Yosapat beuki lila beuki punjul bae. Di sakuliah karajaan Yuda anjeunna ngadamel benteng-benteng jeung tempat-tempat

¹³ panyimpenan bekida lobana. Di Yerusalem anjeunna nempatkeun perwira-perwira penting,

¹⁴ diatur nurutkeun ahli karuhunna masing-masing. Panglima anu nyangking pasukan ti ahli karuhun Yuda nya eta Adna, ngabawah 300.000 prajurit.

¹⁵ Sahandapeunana, nu kadua, nya eta Yohanan, ngabawah 280.000 prajurit;

¹⁶ nu katilu nya eta Amasia bin Sikri, ngabawah 200.000 prajurit. (Amasia kalawan sukana pribadi kumawula ka PANGERAN.)

¹⁷ Panglima ti pasukan ahli karuhun Binyamin nya eta Elyada, satria gagah, ngabawah 200.000 prajurit anu pakarangna kepeng jeung jamparing.

¹⁸ Sahandapeun eta, nu kadua nya eta Yosabad, ngabawah 180.000 prajurit, pakarangna kacida lengkepna.

¹⁹ Maranehna ngawula ka raja di Yerusalem. Di kota-kota benteng lianna di sanagara Yuda oge Yosapat nempatkeun pasukan-pasukan.

18 ¹Sanggeus Raja Yosapat, raja nagara Yuda, jadi mukti jeung kaajen, anjeunna bebesanan jeung Raja Ahab, raja Israil.

²Sawatara taun ti harita anjeunna angkat ka kota Samaria, natamu ka Ahab. Yosapat sapangiringna ku Ahab dihormat-hormat, dipangmeuncitkeun domba jeung sapi loba pisan, tuluy curak-curak. Ti dinya Ahab ka Yosapat nyoba-nyoba mundut dibantuan ngarurug Ramot di Gilad.

³Saurna, "Kumaha anjeun kersa mantuan kaula merangan Ramot?" Waler Yosapat, "Mangga, kaula sareng balad seja ngabantu, sawaktos-waktos tangtos sayagi."

⁴Saurna deui, "Nanging saena mah urang tumaros heula ka PANGERAN."

⁵Raja Ahab nyaur nabi-nabina sina kumpul, aya opat ratus urang. Anjeunna mariksa, "Meunang kami indit merangan Ramot? Mangga rurug bae," jawabna, "ku Allah tangtos diunggulkeun."

⁶Tapi saur Yosapat, "Kumaha aya keneh nabi sanesna anu baris mangnaroskeun ka PANGERAN?"

⁷Waler Ahab, "Aya saurang deui, Mika bin Imla. Mung kaula teh ngewa, da eta mah ka kaula tara ngawejangkeun anu baris pisabeeun, mung anu arawon bae." "Ah teu sae sasauran kitu," waler Yosapat.

⁸Raja Ahab miwarang hiji ponggawa sina ngangkir Mika sarta kudu kabawa harita.

⁹Eta dua raja ngaranggo dangdanan karajaan, tuluy caralik dina korsi karajaan deukeut hiji pangirikan luareun lawang Samaria. Ari nabi-nabi tea ngawarejang di payuneunana.

¹⁰Nu saurang, nu ngaran Sidkia bin Kenaana nyieun tatandukan tina beusi, tuluy unjukan ka Ahab, "Kieu timbalan PANGERAN, Gempur ku maneh urang Siria ku ieu, tangtu tumpur!"

¹¹Nabi-nabi sejen oge ucapanana kawas kitu. Ceuk maranehna, "Rurug Ramot, tangtos Kangjeng Raja kenging, diunggulkeun ku PANGERAN."

¹²Ponggawa nu ngangkir Mika tea miunjuk kieu ka Mika, "Nabi-nabi sadayana parantos sami ngaramalkeunana, raja bakal unggul. Bapa oge saena mah kitu."

¹³Saur Mika, "Demi PANGERAN anu jumeneng, anu bakal diucapkeun ku kami ngan anu diandikakeun ku Allah kami!"

¹⁴Sanggeus aya di payuneun raja, Mika ku raja dipariksa, "Mika, meunang kami jeung Raja Yosapat ngarurug ka Ramot?" Piunjuk Mika, "Mangga rurug! Tangtos Gusti anu kenging, diunggulkeun ku PANGERAN."

¹⁵Tapi saur Ahab, "Lamun enya nyarita ka kami mawa pajenengan PANGERAN, bejakeun satarabasna bae. Lain geus sering kami nitah kitu ka maneh?"

¹⁶Piunjuk Mika, "Ku abdi katingal balad Israil paburisat di pasir-pasir sapertos domba teu aya nu ngurus. Dupi timbalan PANGERAN, Eta jelema-jelema teh geus teu barogaeun pamingpin, sina baralik bae sangkan saralamet."

¹⁷Saur Ahab ka Yosapat, "Tuh, ceuk kaula ge ieu mah tara ngucapkeun pibagjaeun kaula, ngan ngucapkeun picilakaeun bae!"

¹⁸Mika miunjuk deui, "Dangukeun ieu timbalan PANGERAN! Katingal ku abdi PANGERAN keur linggih dina singgasana di sawarga, dibanding ku para malaikat-Na.

¹⁹PANGERAN mariksa, Saha anu bisa ngawujuk ka Ahab, sina indit ngadon tiwas

di Ramot? Malaikat aya anu ngawarangsul, nanging sanggem sawareh kieu, sanggem sawarehna deui kitu.

²⁰Aya hiji roh marek ka payuneun PANGERAN, unjukan kieu, Abdi tiasa ngawujukna. Dawuhan PANGERAN, Cik, kumaha?

²¹Sanggem eta roh, Nabi-nabi Ahab bade disina ngabarahong. Dawuhan PANGERAN, Jung wujuk ka ditu. Ku maneh tangtu beunang."

²²Piunjuk Mika deui, "Kitu pibakaleunana. Nabi-nabi Gusti ku PANGERAN parantos disina ngabarahong ka Gusti, sarta Mantenna ku manten parantos nangtoskeun yen Gusti bakal bobor karahayuan!"

²³Nabi Sidkia nyampeurkeun ka Mika, tuluy nyabok bari ngomong kieu, "Ti iraha Roh PANGERAN undur ti kami sarta ngandika ka maneh?"

²⁴Waler Mika, "Engke oge maneh nyaho lamun geus asup kamar bijil kamar neangan panyumputan."

²⁵Raja Ahab nimbalan hiji tam tama, saurna, "Tangkep Mika, bawa ka kota, serenkeun ka guvernur Amon jeung ka Yoas putra raja,

²⁶sina dijebloskeun ka jero panjara, jeung sungkeret dahar nginumna nepi ka kami mulang deui salamet!"

²⁷Piunjuk Mika, "Upama Gusti iasa mulih salamet, eta tandaning PANGERAN henteu

ngandika ku jalan abdi!" Saurna deui, "Kitu omongan kaula. Bandungan ku sarerea!"

²⁸Ahab raja Israil jeung Yosapat raja Yuda arangkat rek ngarurug ka Ramot di Gilad.

²⁹Saur Ahab ka Yosapat, "Kaula mah perang teh rek nyamar. Anjeun mah resmi bae nganggo anggoan karajaan." Nya tuluy raja Israil teh tarungna nyamar.

³⁰Raja Siria geus marentahkeun ka kapala-kapala pasukan kreta, yen anu kudu ditarajang teh ngan raja Israil, nu sejenna ulah.

³¹Barang maranehna narenjoeun ka Raja Yosapat samarukna anjeunna teh raja Israil, tuluy bae ditarajang. Tapi Yosapat sasambat ngagero ka GUSTI Allah, seug ku Mantenna dirahayukeun, anu muru disina malundur deui.

³²Sanggeus kanyahoan yen anjeunna lain raja Israil, kapala-kapala pasukan kreta ngarudagna henteu dituluykeun.

³³Aya hiji serdadu Siria anu ngalepas jamparing sambarangan bae, tapi bet keuna ka Ahab pisan, nanceb kana sela-sela baju kerena. Raja Ahab ngagorowok ka kusir karetana, "Kami tatu! Balikkeun kreta urang bijil ti nu campuh!"

³⁴Sabot perang ragot keneh Raja Ahab tetep nagen dina karetana bari nyarande ngayonan urang Siria. Wanci surup panonpoe anjeunna lastari, pupus.

19¹ Raja Yosapat, raja nagara Yuda salamet, tuluy mulih ka karaton di Yerusalem.

²Aya hiji nabi, Yehu bin Hanani, ngadeuheus ka raja, miunjuk kieu, "Naha sae Gusti ngabantu ka nu jarahat, sabilulungan sareng anu mikageuleuh ka PANGERAN? Eta damel Gusti teh ngalantarankeun PANGERAN bendu ka Gusti.

³Untung sanaos kitu ge Gusti aya keneh saena, parantos nytingkir-nytingkirkeun arca-arca Asera sesembahan rahayat, sareng parantos sateka-teka nuturkeun pangersa Allah."

⁴Najan calikna di Yerusalem, Raja Yosapat sok angger angkat-angkatan nepangan rahayat, ngider ti Bersyeba ti tungtung kidul nepi ka rarambu pagunungan Epraim di tungtung kaler, ngawawadian rahayat supaya marulang deui ka PANGERAN, Allah karuhun maranehna.

⁵Di kota-kota Yuda anu dibenteng, anjeunna ngangkat hakim-hakim

⁶kalawan timbalan kieu, "Masing ati-ati nibankeun hukuman. Wewenang anu dijalankeun ku maraneh teh lain ti manusa, sategesna eta teh wewenang ti PANGERAN. Lamun maraneh nibankeun hukuman, Mantenna aya nungkulan.

⁷Masing sieun ku PANGERAN, ati-ati tata peta, sabab PANGERAN Allah maraneh moal

ngantep ka anu curang atawa beurat sabeulah atawa daek nampa pangruruba."

⁸Ari di Yerusalem, anu ku anjeunna diangkat jaradi hakim teh sawatara urang Lewi, sawatara imam, jeung sawatara jalma kokojo, purah nguruskeun jalma-jalma anu boga perkara ngalanggar Hukum PANGERAN, atawa memeres pacekcokan urang kota.

⁹Maranehna ku anjeunna ditimbalan kieu, "Jalankeun kawajiban maraneh kalawan sieun ku PANGERAN, tuhu ka Mantenna dina sagala lampah.

¹⁰Satiap aya dulur sabangsa ti mana bae ngunjukkeun perkara anu tumali jeung urusan getih, atawa palanggaran-palanggaran hukum jeung papakon-papakon anu salian ti eta, ati-ati papatahan pilampaheun dina nandangan cocoba, ulah nepi ka maranehna nyieun kasalahan atawa dosa ka PANGERAN. Lamun henteu kitu, boh maraneh boh eta dulur sabangsa, bakal kacida dibenduanana ku PANGERAN. Lampahkeun kitu, sangkan maraneh ulah nyieun kasalahan.

¹¹Anu wenang mere putusan ahir dina urusan agama, Imam Agung Amarya. Anu wenang mere putusan ahir dina perkara perdata, Sebaja bin Ismail, gupernur Yuda. Urang Lewi tanggung jawab ngurus sangkan putusan-putusan pangadilan tea jalan sakumaha mistina. Sing parengkuh.

Jalankeun ieu parentah. Mugia PANGERAN nyarengan pihak nu bener!"

20¹ Rada lila ti harita, aya balad urang Moab jeung urang Amon bareng jeung urang Mehunim, ngarurug ka Yuda.

²Aya sawatara utusan miunjuk ka Yosapat, "Aya balad musuh ti Edom ageung pisan, dongkapna ti peuntaseun Laut Paeh bade ngarurug ka dieu. Ayeuna parantos meh ngarebut Haseson Tamar." (Ngaran Ialandian En Gedi.)

³Yosapat gugup, tuluy sasambat ka PANGERAN mundut pituduh. Geus kitu marentah supaya sakuliah nagara puasa.

⁴Urang Yuda ti mana-mana daratang ka Yerusalem arek menta pitulung PANGERAN,

⁵kumpul di Bait Allah di buruan anyar. Raja Yosapat ngadeg mayun ka jalma rea

⁶tuluy neneda tarik, "Nun PANGERAN, Allah karuhun abdi sadaya! Gusti ti sawarga ngawasaan bangsa-bangsa saalam dunya. Gusti kawasa sareng digjaya, moal aya anu kiat ngalawan ka Gusti.

⁷Gusti teh Allah abdi sadaya. Nalika Israil umat Gusti majeng ka ieu tanah, bangsa-bangsa di dieu ku Gusti disapu, sarta ieu tanah dipaparinkeun ka anak putu Ibrahim, sahabat Gusti, jadi milikna anu langgeng.

⁸Maranehna parantos tetep-tumetep di dieu, parantos ngadegkeun Bait Allah paranti ngabakti ka Gusti. Parantos tarerangeun,

⁹yen upami maranehna keuna ku hukuman ditarajang ku bahla, ku perang, ku pagebug, atanapi ku tigerat, kenging dumeuheus ka dieu ka payuneun ieu Bait Allah paranti ngabakti ka Gusti. Kenging sasambat ka Gusti, ngunjukkeun papaitna, tur tangtos ku Gusti dikabul dirahayukeun.

¹⁰Ayeuna abdi sadaya dirurug ku urang Amon, ku urang Moab, sareng ku urang Edom. Padahal nalika karuhun abdi sadaya budal ti Mesir teh henteu kantos nyorang ka tanah-tanah maranehna, margi ku Gusti dicegah. Karuhun abdi-abdi nganggo jalan nguriling, dugi ka eta bangsa-bangsa teh teu kantos digempur.

¹¹Nanging ayeuna pamalesna kieu, murubul ka dieu niat ngabuburak abdi sadaya ti ieu tanah paparin ti Gusti.

¹²Nun Allah abdi sadaya! Mugi maranehna dihukum, reh abdi sadaya hamo kiat ngayonan balad sakitu ageungna, anu kantun breg ngagempur ka abdi sadaya. Abdi sadaya bingung kedah kumaha. Mung ngaharep pitulung ti Gusti."

¹³Urang Yuda jeung saanak bojona kabeh kumpul narangtung di Bait Allah.

¹⁴Geus kitu aya hiji urang Lewi golongan Asap, di tengah pakumpulan dilinggihan

ku Roh PANGERAN. Ngaranna Yehasiel bin Jakaria, turunan Asap, rundayan Matanya, Yiel, jeung Benaya.

¹⁵Yehasiel mihatur kieu, "Nun Kangjeng Raja, sareng aranjeun urang Yuda sareng urang Yerusalem, dawuhan PANGERAN urang henteu kedah kuncup atanapi gimir ku eta balad anu sakitu ageungna. Ieu perang teh gumantung ka Allah, sanes gumantung ka urang.

¹⁶Enjing ayonan ana eta parantos daratang ka tanjakan Sis. Papag di tungtung lebak anu losna ka gurun caket Yeruel.

¹⁷Dina hal ieu aranjeun henteu kudu turun campuh, daragoan bae bari ngajaran teng. Engke nyata aranjeun tangtu diunggulkeun ku PANGERAN. Eh urang Yuda, urang Yerusalem, ulah bingbang, ulah sieun. Maju jurit! PANGERAN anu nyarengan!"

¹⁸Bruk Raja Yosapat sujud, rarayna antel kana taneuh. Bruk deui rahayat sarujud ngabarakti ka PANGERAN.

¹⁹Urang Lewi golongan Kahat jeung Korah narangtung tuluy kabeh ngamulyakeun ka PANGERAN, Allah Israil.

²⁰Barang geus bray isuk, rahayat budal ka gurun deukeut Tekoa. Memeh jung Yosapat ngucapkeun heula amanat, saurna, "Eh urang Yuda jeung urang Yerusalem! Masing manteng ka PANGERAN, Allah maraneh,

tinangtu maraneh teteg. Sing percaya kana ucapan nabi-nabi, tinangtu lulus."

²¹ Sanggeus maparin amanat ka rahayat, raja nimbalan ka para biduan kudu marake dangdanan paranti dina kajadian-kajadian anu dikaramatkeun, tuluy sina baris, maraju di pucuk barisan bari nyaranyi, "Mulyakeun PANGERAN! Asih-Na langgeng!"

²² Barang breng maranehna maruji, balad musuh anu rek ngarurug teh ku PANGERAN dirusuhkeun.

²³ Urang Amon jeung urang Moab jadi ngagempur ka balad Edom mani tumpur lebur, geus kitu dua pihakna campuh silih tarajang mani ragot.

²⁴ Barang urang Yuda narepi ka hiji munara di gurun, ana narempo ka lebah musuh bet geus tingjolopong taya nyawaan, mani teu aya anu kaiwalkeun.

²⁵ Ti dinya Yosapat sabalandna ngumpulkeun barang-barang jarahan, sapi pirang-pirang, bebekelan, papakean jeung barang-barang lianna anu marahal. Bakating ku loba-lobana ngumpulkeunana ge nepi ka tilu poe, kitu ge teu kabawa kabeh.

²⁶ Dina kaopat poena kumpul di Lebak Beraka, ngucap sukur ka PANGERAN ku sagala pitulung-Na, jeung eta sababna nu matak eta lebak dingaranan Beraka.

²⁷ Balad ku Yosapat dicandak mulih ka Yerusalem, tas unggul jurit lantaran musuhna dielehkeun ku PANGERAN.

²⁸ Sacundukna ka dayeuh tuluy baris ka Bait Allah dipirig ku kacapi jeung tarompet.

²⁹ Bangsa-bangsa anu meunang warta hal PANGERAN geus ngelehkeun musuh-musuh Israil, kabeh gimir.

³⁰ Ku hal eta Yosapat ngarajaanana tengtrem, sarta ku PANGERAN disina aman ti saban pihak.

³¹ Yosapat mimiti jadi raja dina yuswa tilu puluh lima taun, ngarajaanana dua puluh lima taun, calikna di Yerusalem. Ari ibuna nya eta Asuba binti Silhi.

³² Sakumaha Asa, ramana, anjeunna midamel anu sapagodos jeung pangersa PANGERAN.

³³ Ngan anjeunna henteu ngagempur tempat-tempat ibadah ka brahala, jalma-jalma ngabaraktina ka PANGERAN teh angger bae kurang suhud.

³⁴ Lampah Yosapat salian ti eta ti awal nepi ka ahir kaungel dina Kitab Carita Yehu bin Hanani, bagian tina Babad Raja-raja Israil.

³⁵ Dina hiji mangsa Raja Yosapat sosobatan jeung Raja Ahasia, raja Israil anu lampahna doraka kabina-bina.

³⁶ Di palabuan Esion Geber eta dua raja ngadamel kapal-kapal pikeun ngambah laut.

³⁷ Ku hal eta anjeunna diweweleh ku Elieser bin Dodawa ti Maresa, "Ku margi Gusti nyobat sareng Ahasia, eta damel Gusti teh ku PANGERAN bakal direksak." Bukti, kapal-kapalna teu kungsi balayar, kaburu barejad.

21 ¹Sanggeus pupus Yosapat dikurebkeun di makam karajaan di Kota Daud. Ti dinya Yehoram, putrana, jumeneng raja ngagentos anjeunna.

²Yehoram putra Raja Yosapat di nagara Yuda saderekna genep: Asarya, Yehiel, Jakaria, Asaryahu, Mikael jeung Sepaca.

³Ku ramana dipaparin emas perak loba pisan jeung barang-barang anu marulya tuluy dipencar, masing-masing sina ngurus hiji kota benteng di Yuda. Ari Yehoram putra pangsepuhna ku Yosapat disina ngagentos anjeunna.

⁴Sanggeus ngarajaanana pageuh, Yehoram maehan saderek-saderekna jeung sawatara urang pajabat Israil.

⁵Yehoram mimiti jadi raja dina yuswa tilu puluh dua taun, ngarajaanana dalapan taun, calikna di Yerusalem.

⁶Lampahna jahat cara Raja Ahab jeung raja-raja Israil lianna, da garwaanana ka putra Ahab, pantes goreng kalakuanana di payuneun PANGERAN.

⁷Tapi PANGERAN teu kersaeun ngaruksak ka turunan Daud, reh ka Daud geus ngadamel

perjangjian sarta ikrar yen turunan anjeunna salawasna bakal aya anu jadi raja.

⁸ Waktu Yehoram ngarajaan, urang Edom barontak ka Yuda nepi ka ngadegkeun karajaan sorangan.

⁹ Yehoram jeung para senapatina mepek pasukan kareta tuluy ngarurug ka Edom. Ku balad Edom dikurung. Tapi dina peutingna bisa norobos kepungan tuluy kalabur.

¹⁰ Ti harita Edom leupas ti Yuda. Dina waktu eta keneh nagara Libna oge barontak, sabab Yehoram mungkir ti PANGERAN, Allah karuhunna.

¹¹ Malah nepi ka ngadegkeun tempat-tempat ngabakti ka brahala di tanah-tanah pigunungan Yuda, ngalantarankeun urang Yuda jeung urang Yerusalem doraka ka PANGERAN.

¹² Geus kitu Yehoram nampi surat ti Nabi Elias, ungelna, "Anjeun bakal dihukum ku PANGERAN, Allah karuhun anjeun. Reh anjeun henteu nuturkeun lampah kasaean tuang rama, Raja Yosapat, sareng tuang eyang Raja Asa.

¹³ Anu ditulad ku anjeun kalakuan raja-raja Israil, tur ngagoda ka urang Yuda sareng urang Yerusalem sina malungkir ti Allah. Sapertos kalakuan Ahab sareng raja-raja gantina, anu ngalantarankeun Israil mungkir ti Allah. Turug-turug anjeun maehan

saderek-saderek ku anjeun, anu leuwih bageur ti batan anjeun.

¹⁴ Temahna, rahayat anjeun, putra-putra anjeun, garwa-garwa anjeun, ku PANGERAN bakal dihukum kacida beuratna. Sagala kagungan anjeun bakal diruksak.

¹⁵ Anjeun pribadi bakal katerap kasakit dina peujit, pohara nyerina, beuki lila beuki parna."

¹⁶ PANGERAN lajeng ngangsonan hate urang Pelisti jeung urang Arab, anu maratuhna deukeut ka urang Sudan di sapanjang basisir, sina merangan ka Yehoram.

¹⁷ Brul ngarurug ka Yuda, ngarampog karaton Yuda, malah ngarampog garwa-garwa jeung putra-putra raja, dijieun tawanan. Ngan saurang putra raja anu henteu kaboyong nya eta Ahasia, nu panganomna.

¹⁸ Geus kitu teh raja ku PANGERAN diterapan kasawat di jero lambut kacida nyerina.

¹⁹ Meh dua taun kasawatna beuki parna bae. Tungtungna raja teh pupus, sakaratna matak watir. Sanggeus pupus ku rahayatna henteu dipangnyieunkeun api unggun anu nandakeun sungkawa katilar ku anjeunna, teu cara karuhun-karuhunna.

²⁰ Yehoram mimiti jumeneng raja dina yuswa tilu puluh dua taun ngarajaanana dalapan taun, calikna di Yerusalem. Waktu pupusna jalma-jalma taya anu ngarasa prihatin.

Anjeunna dikurebkeun di Kota Daud, tapi lain di makam karajaan.

22¹ Iwal ti Ahasia, nu panganomna, putra-putra Raja Yehoram kabeh dipaehan ku rampog bangsa Arab tea. Ahasia ku urang Yerusalem tuluy dijenengkeun raja ngagentos ramana.

² (22: 2-3) Ahasia mimiti jadi raja dina yuswa dua puluh dua taun, ngarajaanana sataun, calikna di Yerusalem. Lampahna cara lampah ahli-ahli Ahab, da ku ibuna diwulang kana kagorengan. Ibuna teh Atalya putra Raja Ahab, putu Raja Omri, raja Israil.

³ (22: 2)

⁴ Jadi lampahna teh doraka ka PANGERAN. Heug sanggeus ramana pupus, juru-juru nasehatna teh ti ahli-ahli Ahab, anu nasehat-nasehatna ngalantarankeun anjeunna cilaka.

⁵ Tumut ka juru-juru nasehatna tea anjeunna mantuan Raja Yoram raja Israil, merangan Raja Hasael ti Siria. Musuh jeung lawan campuhna di Ramot bilangan Gilad. Dina eta perang Yoram tatu ku musuhna,

⁶ tuluy gura-giru mulih ka Yisrel seja nambaan tatuna. Ku Ahasia dilayad.

⁷ Angkatna Ahasia ka ditu ku PANGERAN dianggo jalan kana picilakaeunana. Di dituna anjeunna jeung Yoram kaluar nepangan Yehu putu Nimsi, anu ku PANGERAN keur dipiwarang numpes turunan Ahab.

⁸Sajeroning keur nerapkeun eta hukuman, Yehu pendak jeung romongan kapala-kapala urang Yuda jeung para kapiputra Ahasia anu nganteur Ahasia ngalayad ka Yoram. Eta oge ku Yehu dipaahan kabeh.

⁹Ahasia anu geus kabur jeung nyumput di Samaria diteangan. Sanggeus kapanggih tuluy diserenkeun ka Yehu, seug ditelasan. Tapi layon anjeunna mah dipendem, tina ngajenan ka eyangna, Raja Yosapat, anu keur jumenengna geus sateka-teka ngajalankeun ibadah ka PANGERAN. Kulawarga Ahasia kabeh tumpes, jadi teu aya anu jadi raja.

¹⁰Barang Atalya, ibuna Raja Ahasia, uninga yen putrana aya anu maehan, geuwat marentah maehan sakabeh kulawargi raja Yuda.

¹¹Tapi aya saurang putra Ahasia anu salamet, nya eta Yoas. Barang putra-putra raja teh geus rek ditumpes, Yoas kaburu dipaling ku Yoseba, kapisaderek Ahasia, istri Imam Yoyada, dibawa nyumput ka hiji kamar di Bait Allah, saterusna ku Yoseba diasuh di dinya. Yoas henteu milu katumpes ku Atalya sabab kaburu disumputkeun.

¹²Disumputkeunana nepi ka genep taun. Ari Atalya geus jumeneng ratu.

23¹Sanggeus ngantos meunang genep taun, Imam Yoyada mutuskeun yen geus waktuna kudu singkil. Anjeunna ngabadamian lima senapati: Asarya bin

Yaroham, Ismail bin Yohanah, Asarya bin Oded, Maaseya bin Adaya, jeung Elisapat bin Sikri,

²diutus ka sakuliah karajaan Yuda. Baralikna deui dibarengan ku urang Lewi jeung ku sakabeh para kapala warga.

³Geus kitu karumpul di Bait Allah, ngucapkeun ikrar satia ka Yoas, putra raja. Yoyada misaur, "Ieu teh putrana raja suwargi! Urang jenengkeun raja, sapagodos jeung jangji PANGERAN yen turunan Daud salawasna kudu aya anu jadi raja.

⁴Jalanna kieu: Engke dina dinten Sabat, waktu para imam sareng urang Lewi ngajalankeun papancen, anu sapertilu kedah ngajagi lawang-lawang gapura Bait Allah,

⁵sapertilu deui ngajaga lawang-lawang gapura karaton, sesana tempatkeun di Gapura Pademen. Rahayat kedah kumpul di buruan Bait Allah.

⁶Ulah aya anu diidinan asup ka jero Bait Allah, lian ti para imam sareng urang Lewi anu eukeur mangku pancen, lantaran aranjeunna mah parantos saruci. Anu sejen kudu di luar bae, kudu tuhu kana papakon-papakon PANGERAN.

⁷Urang Lewi kedah sayaga ngalingkung raja bari ngabar pedang. Mun raja angkat-angkatan ka mana ge kedah terus dilingkung. Sing saha anu maksa asup paehan."

⁸Parentah Yoyada ku urang Lewi jeung ku urang Yuda dijalankeun. Sakur anu jaraga dina poe Sabat tea sanajan giliran jagana geus beres oge henteu dibubarkeun. Nu anggeus jaga, nu eukeur ngajaga keneh, ku kapalana terus dicangking.

⁹Para perwira ku Yoyada dipakarangan ku tumbak jeung kepeng titilar Raja Daud anu disimpen di Bait Allah.

¹⁰Di hareupeun Bait Allah sakurilingna dijaga ku jalma-jalma anu maresat pedang, ngaraksa raja.

¹¹Ti dinya Yoas ku Yoyada dituyun kaluar, tuluy dimakutaan jeung diserenan salinan aturan martabat raja. Yoas dijenengkeun, dilisahan ku Imam Yoyada jeung putra-putrana. Jalma-jalma ragem ngabageakeun ka rajana, "Wilujeng Raja!"

¹²Earna anu ngabarageakeun raja kadangu ku Atalya. Anjeunna muru ka Bait Allah anu geus pinuh ku jelema.

¹³Katingalieun raja anyar keur ngadeg gigireun pilar paranti raja-raja, deukeut lawang Bait Allah, dilingkung ku para perwira jeung ku pasukan tarompet. Rahayat sarurak ayeuh-ayeuhan dipirig ku sora tarompet, sarta para biduan maruji bari narabeuh kacapi, ngajejeran anu keur mestakeun raja. Atalya nyoeuheun anggoanana, manahna mentegeg. Tuluy ngagero, "Hianat! Hianat!"

¹⁴ Yoyada nya ur para perwira, ngajaga supaya Atalya ulah nepi ka dipaehan di lingkungan Bait Allah; parentahna, "Bawa Atalya, kaluarkeun liwat barisan kawal! Anu nyoba rek nulungan, paehan!"

¹⁵ Atalya dicerek dibawa deui ka karaton, tuluy dipaehan di Gapura Kuda.

¹⁶ Imam Yoyada ngajak Raja Yoas jeung rahayat ngucapkeun ikrar babarengan yen seja jaradi umat PANGERAN.

¹⁷ Geus kitu jalma-jalma teh arindit ka tempat pamujaan Baal. Eta pamujaan dirugrugkeun, altar-altar jeung arca-arcana dileburkeun, sarta Matan imam Baal dipaehan hareupeun altar-altar.

¹⁸ Para imam jeung urang Lewi ku Yoyada ditempatkeun di Bait Allah sina nyarekel papancen di Bait Allah, ngajalankeun kawajiban anu ti Raja Daud, ngurban ka PANGERAN nedunan parentah Hukum Musa, kitu deui papancen lianna, nya eta ngatur pupujian jeung pesta-pesta.

¹⁹ Lawang-lawang Bait Allah ku Yoyada diberean nu ngajaga, pikeun nyegah jelema anu najis asup ka Bait Allah.

²⁰ Ti dinya para perwira, para kekentong rahayat, para pajabat jeung jalma rea ngarak raja ti Bait Allah ka karaton, dijejeran ku Yoyada. Sup raja ka karaton liwat Gapura Utama, gek linggih dina singgasana.

²¹ Rahayat saruka bungah, nagara geus tengtrem, sabab Atalya geus teu aya, geus dipaehan.

24 ¹ Yoas mimiti jumeneng raja dina yuswa tujuh taun, ngarajaanana opat puluh taun, calikna di Yerusalem. Jenengan ibuna Sibya asal ti Bersyeba.

² Lampahna sapanjang Yoyada aya keneh sapagodos jeung manah PANGERAN.

³ Ku Imam Yoyada dipangmilihkeun dua garwa, tuluy puputra istri pameget.

⁴ Sanggeus ngarajaanana sawatara taun lilana, Yoas aya kersana seja ngadangdanan Bait Allah.

⁵ Seug nimbalan ka para imam jeung urang Lewi, kudu ngider ka sakuliah karajaan, ngumpulkeun duit ti rahayat pikeun ongkos ngomean Bait Allah, anu geus biasa saban sataun sakali diomean. Saurna kudu diburu-burukeun. Tapi urang Lewi teh kaleked.

⁶ Nu matak anjeunna mariksa ka Imam Yoyada pamingpin maranehna, saurna, "Ku naon urang Lewi ku Bapa henteu dipiwarang mulung pajeg ti Yuda sareng Yerusalem? Sanes parantos diwajibkeun ti jaman Musa abdi Allah tea, yen rahayat kedah mayar cuke keur ngomean Kemah Tepangan PANGERAN?"

⁷ (Harita Bait Allah teh geus ruksak ku jelema-jelema piwarangan Atalya wanita jahat tea, jeung parabot-parabotna beunang

nyucikeun tea loba anu dicarokotan dipake ngabakti ka Baal.)

⁸Urang Lewi ku raja dipiwarang nyieun peti wadah duit anu kudu disimpen di gapura Bait Allah.

⁹Raja miwarang nguaran rahayat Yerusalem jeung Yuda sina malayar cuke ka PANGERAN cara keur jaman Musa abdi PANGERAN di tanah gurun bareto.

¹⁰Rahayat jeung para pamingpinna barungah nampa eta uaran, tuluy ngarasupkeun duitna kana eta peti.

¹¹Unggal poe eta peti ku urang Lewi diserenkeun ka hiji pagawe raja sina dipariksa. Lamun eta peti geus pinuh, duitna dikaluarkeun ku sekretaris nagara jeung wakil Imam Agung, peti kosongna disimpen deui dina parantina. Kitu bae saterusna nepi ka duit anu geus kumpul kacida lobana.

¹²Duitna ku raja jeung Yoyada diserenkeun ka nu ngapalaan digarawe ngomean Bait Allah. Ku maranehna dipake mayar tukang-tukang batu, tukang-tukang kayu, jeung tukang-tukang beusi.

¹³Anu digarawe soson-soson pisan ngomean Bait Allah nepi ka anggeus, kaayaan Bait Allah geus pulih ka asal.

¹⁴Sanggeus anggeus, emas jeung perak sesana diserenkeun ka raja jeung Yoyada, tuluy dijieunan bokor jeung paparabotan lianna pikeun kaperluan Bait Allah.

Kurban-kurban di Bait Allah teu petot-petot dilampahkeun. Tapi kituna teh ngan sapanjang Yoyada jumeneng keneh.

¹⁵ Ari Yoyada geus kacida sepuhna, sarta sanggeus yuswana saratus tilu puluh taun pupus,

¹⁶ dikurebkeun di makam karajaan di Kota Daud, ngajenan kana sagala ihtar anjeunna pikeun rahayat Israil, pikeun Allah jeung pikeun Bait Allah.

¹⁷ Sanggeus Yoyada teu aya, raja kabawa ku pangwujuk para pamingpin Yuda.

¹⁸ Jalma-jalma mimiti nyarembah ka brahala jeung ka arca Asera, tara ngabarakti deui di Bait Allah PANGERAN, Allah karuhunna. Temahna tina eta dosa PANGERAN bendu ka urang Yuda jeung Yerusalem.

¹⁹ PANGERAN ngutus nabi-nabi sina ngageuing supaya baralik deui ka Mantenna, tapi maranehna teu narurut.

²⁰ Jakaria, putra Imam Yoyada katerap Roh PANGERAN, nangtung di tempat luhur katembong ku sarerea, tuluy micatur bedas, kieu, "Aya pamariksa ti GUSTI Allah, ku naon aranjeun baraha kana timbalan Mantenna, nyilakakeun diri sorangan? Aranjeun geus belot ti Mantenna. Ku sabab kitu Mantenna nilarkeun ka aranjeun!"

²¹ Raja Yoas kaangsonan ku nu sejen, bendu ka Jakaria. Jakaria pada ngabenturan ku

batu di dinya keneh di buruan Bait Allah,
ditimbalan ku raja.

²²Raja geus henteu nolih kana pangabdian Yoyada, ramana Jakaria, anu satia ka anjeunna, luas maehan ka Jakaria. Memeh lastari Jakaria ngagero, "Kalakuan aranjeun sing katingali ku PANGERAN, sing dibales!"

²³Dina taun eta waktu ganti musim, Yuda jeung Yerusalem dirurug ku balad Siria. Para pamingpinna tariwas, harta bandana dijarah, diakut ka Damsik, kacida lobana.

²⁴Balad Siria anu ngarurug teh ngan saeutik, tapi ku PANGERAN dihaja sina ngelehkeun balad Yuda anu leuwih gede, sabab urang Yuda geus belot ti Mantenna, GUSTI Allah karuhunna. Nya harita terapna hukuman ka Raja Yoas.

²⁵Anjeunna tatu ku musuh parna pisan. Sanggeus musuh undur anjeunna ditelasan dina pajuaran ku dua ponggawana anu males pati lantaran anjeunna maehan putra Imam Yoyada. Anjeunna dikurebkeun di Kota Daud, tapi lain di makam karajaan.

²⁶(Jelema anu maehan anjeunna nya eta Sabad, anak Simat awewe bangsa Amon, jeung Yosabad, anak Simrit awewe bangsa Moab.)

²⁷Ari hal putra-putra Yoas, hal ucapan-ucapan ilahi ngeunaan Yoas, jeung hal anjeunna ngomean Bait Allah, caritana aya

dina Tapsir Kitab Raja-raja. Putrana anu jenengan Amasia ngagentos jadi raja.

25¹ Amasia mimiti jadi raja dina yuswa dua puluh lima taun, ngarajaanana dua puluh salapan taun, calikna di Yerusalem. Jenengan ibuna Yoadan urang Yerusalem.

² Anjeunna midamel anu sapagodos jeung manah PANGERAN, tapi bari ngaraos hoream.

³ Sanggeus ngaraos tohaga anjeunna maehan dua ponggawa anu nelasan ramana.

⁴ Tapi anak-anakna mah henteu milu ditumpes, sabab anjeunna tunduk kana timbalan PANGERAN dina Hukum Musa, anu ungelna: "Kolot teu meunang dipaehan ku karana kajahatan anak, anak teu meunang dipaehan ku karana kajahatan kolot. Anu kudu dipaehan teh jalmana, anu jahatna."

⁵ Raja Amasia ngawangun pasukan balad ti kaom Yuda jeung kaom Binyamin, diatur nurutkeun golongan masing-masing, lengkep jeung perwira-perwirana, aya anu ngabawah sarebu prajurit, aya anu saratus. Kabehna aya 300.000 jelema anu umurna ti semet dua puluh taun ka luhur, dijejer pasukan-pasukan anu siap tempur tur parigel metakeun tumbak jeung kepeng.

⁶ Jaba ti eta anjeunna nyewa 100.000 prajurit ti nagara Israil, dibayar ku perak kurang leuwih 3.400 kilogram.

⁷ Aya nabi ngadeuheus ka raja, miunjuk kieu, "Gusti ulah nganggo prajurit-prajurit ti

Israil, margi jalmi-jalmi urang Karajaan Kaler mah henteu disarengan ku PANGERAN.

⁸Gusti ngagalih perang bakal langkung kiat upami dibantu ku maranehna, padahal mung Allah anu kawasa ngatur unggul asorna. Upami keukeuh bade nganggo maranehna, tangtos Sang Raja ku Allah bakal disina kawon."

⁹Raja mariksa ka nabi, "Nanging kumaha perak anu parantos dibayarkeun?" Saur nabi, "PANGERAN kawasa mulangkeun langkung ti kitu!"

¹⁰Ku sabab kitu eta pasukan sewaan teh ku Amasia ditimbalan marulang deui. Seug baralik, tapi kacida arambekeunana ka urang Yuda.

¹¹Amasia ngagedurkeun sumanget, tuluy mingpin baladna ka Lebak Uyah. Der perang, hasil bisa maehan sapuluh rebu serdadu Edom,

¹²jeung ngaboyong sapuluh rebu urang deui. Boyonganana digiring ka puncak hiji cadas di Sela, tuluy ditinggang-tinggangkeun ka handap datang ka parejet.

¹³Sabot kitu serdadu-serdadu Israil anu ku Amasia teu tulus diajak mantuan perang tea, ngarurug kota-kota Yuda antara Samaria jeung Bet Horon, maehan tilu rebu urang dinya bari rarampas loba pisan.

¹⁴Ari Amasia, mulihna tas ngelehkeun urang Edom teh nyandak arca-arca brahala

musuh, seug ditangtung-tangtungkeun tuluy disembah, dikukusan.

¹⁵PANGERAN bendu, tuluy ngutus hiji nabi ka Amasia. Eta nabi miunjuk, "Ku naon Gusti ngabakti ka aallahan batur, anu buktosna teu tiasaeun nulungan para panganutna digempur ku Gusti?"

¹⁶Amasia gancang nempas, saurna, "Ti iraha maneh ku kami diangkat jadi jurunasehat raja? Repeh, bisi dipaehan ku kami!" Memeh jep nabi teh ngawalon, "Parantos tetela ayeuna, Gusti pinasti dihukum ku Allah, reh parantos midamel kitu, sareng teu kersa digeuing."

¹⁷Amasia raja nagara Yuda geus rempug jeung juru-juru nasehatna rek merangan Israil. Tuluy ngajurung hiji utusan, nangtang ka Yoas bin Yoahas bin Yehu, raja Israil.

¹⁸Ku Yoas diwaler kieu ka Amasia, "Sakali mangsa di Gunung Libanon, tangkal cucuk ngirim pamenta ka tangkal kiputri, pokna, Anak awewe andika ku kaula rek dipenta keur pibojoeun anak kaula. Pareng aya sato leuweung ngaliwat, tangkal cucuk rebah kadupak.

¹⁹Beu Amasia, ulah rasa maneh tas ngelehkeun urang Edom. Ceuk kami mah mending oge ngeunah-ngeunah cicing di imah. Keur naon ngusik-ngusik pibalaieun, anu bakal nyilakakeun andika jeung rahayat?"

²⁰ Amasia teu kersa ngadangu. Dasar Amasia kudu eleh dikersakeunana ku Allah, lantaran geus ngabakti ka brahala-brahala urang Edom.

²¹ Raja Yoas geus angkat rek merangan Amasia raja Yuda, mokprok di Bet Semes wewengkon Yuda.

²² Balad Yuda eleh, serdaduna kalabur ka saimah-imahna.

²³ Amasia ku Yoas ditangkep, dibawa ka Yerusalem. Eta kota ku Yoas digempur, kutana sapanjang meh dua ratus meter ti semet Gapura Epraim nepi ka Gapura Juru rebah.

²⁴ Emas jeung perak di jero Bait Allah, paparabotan Bait Allah anu dijaga ku turunan Obed Edom, kitu deui rajabrama karaton, ku Yoas diakut kabeh ka Samaria, malah Yoas nyandak sandera-sandera.

²⁵ Sanggeus Yoas raja Israil pupus, Amasia raja Yuda masih keneh aya yuswa lima welas taun deui.

²⁶ Lampah Amasia salian ti eta ti mimiti marentah nepi ka tamat, kaungel dina Kitab Babad Raja-raja Yuda jeung Israil.

²⁷ Ti barang anjeunna belot ti PANGERAN tea, di Yerusalem aya anu ngamusuh ka anjeunna, nu matak anjeunna kabur ka Lakis. Tapi ku musuhna disusul jeung ditelasan di ditu.

²⁸Layonna dibawa ka Yerusalem kana kuda, dikurebkeun di makam karajaan di Kota Daud.

26¹ Geus kitu urang Yuda milih Usia, putra Amasia anu yuswa genep welas taun, dijenengkeun raja ngagentos ramana.

²(Sanggeus Amasia ramana pupus, Usia ngarebut deui kota Elat sarta diomean.)

³Usia mimiti jumeneng raja dina yuswa genep welas taun, ngarajaanana lima puluh dua taun, calikna di Yerusalem. Jenengan ibuna Yekolya urang Yerusalem.

⁴Lampahna kawas lampah ramana, sapagodos jeung manah PANGERAN.

⁵Sapanjang aya keneh Jakaria, jurunasehatna anu ibadah, anjeunna ngabdi ka PANGERAN kalawan suhud, sarta ku Allah diberkahan.

⁶Hiji mangsa Usia angkat merangan urang Pelisti. Kota Gat, Yamnia jeung Asdod, kuta-kutana dirugrugkeun, tuluy ngadegkeun kota-kota anu dibenteng deukeut Asdod jeung di wewengkon lianna di Pelisti.

⁷Anjeunna ku Allah dibantu ngelehkeun urang Pelisti, urang Arab anu caricing di Gur Baal, jeung urang Mehunim.

⁸Urang Amon malayar upeti ka Usia. Kakawasaanana beuki nambahan, kamashuranana kauaruar nepi ka Mesir.

⁹Benteng-benteng Yerusalem ku anjeunna ditohagaan, di luhur Gapura Juru jeung

Gapura Lebak kitu deui dina pepengkolanana diberean munara.

¹⁰Di pategalan-pategalan oge ngadamelan munara jeung ngali sumur-sumur, kawantu loba pisan ingon-ingonna, boh di padataran luhur, boh di padataran handap di beulah kulon. Jeung ku sabab resepeun kana tatanen, anjeunna ngahatean rahayatna sina ngarebon anggur di pagunungan-pagunungan jeung marelakan tanah-tanah anu lendo.

¹¹Anjeunna kagungan balad gede anu siap maju jurit. Catetanana dicekel ku dua sekretaris anjeunna, Yiel jeung Maaseya, anu dikapalaan ku Hananya pangbantu raja.

¹²Eta balad dicangking ku 2.600 perwira.

¹³Prajuritna aya 307.000 urang anu palinter perang ngabela raja ti musuh-musuhna.

¹⁴Ku Usia dipakarangan ku kepeng, tumbak, balakutak, baju kere, gondewa jeung jamparingna, jeung bandring.

¹⁵Tukang-tukang cipta di Yerusalem dipiwarang nyieunan pakarang paranti mesat-mesatkeun jamparing, jeung paranti ngaguling-gulingkeun batu anu galede ti luhur munara jeung ti pepengkolan-pepengkolan kuta. Jenengan anjeunna kautarakeun ka mana mendi, kawasana liwat saking, sabab anjeunna kenging bantuan ti Allah.

¹⁶Tapi sanggeusna jadi tohaga, Raja Usia jadi takabur, ngalantarankeun anjeunna cilaka. Anjeunna midamel peta anu ngalawan

ka PANGERAN Allahna, nya eta lebet ka Bait Allah seja ngukus ku anjeun dina altar.

¹⁷ Ku Imam Asarya disusul jeung dalapan puluh imam anu garagah,

¹⁸ rek dicegah. Saur aranjeunna, "Usia! Anjeun teu aya hak ngukus ka PANGERAN. Anu wenang ngan anu geus dibakukeun kana ngukus, nya eta imam-imam turunan Harun anu geus disucikeun. Gancang tinggalkeun ieu tempat anu suci. Anjeun geus nangtang ka GUSTI Allah. Anjeun moal meunang deui berkah-Na."

¹⁹ Usia geus ngadeg deukeut altar pangukusan di eta Bait Allah, geus nyepeng parukuyan. Anjeunna jadi bendu ka imam-imam. Dadak sakala harita keneh anjeunna katerap ku lepra dina taarna.

²⁰ Asarya jeung imam-imam sejenna mencrong kana taar raja mani harookeun, tuluy maksa ngaluuarkeun raja ti dinya. Raja gentak ka luar lantaran geus digebug ku PANGERAN.

²¹ Ti semet harita Raja Usia tetep najis ku tina kasawatna. Teu meunang lebet deui ka Bait Allah, nyungkur bae di bumina, misah, leupas tina sagala damel. Urusan nagara dipasrahkeun ka Yotam, putrana.

²² Sagala rupa ihtiar anjeunna sapanjang jumeneng raja diserat ku Nabi Yesaya putra Amos.

²³ Sanggeus pupus, dikurebkeun di lahan makam karajaan, tapi lain di makam paranti raja-raja, da lepra tea. Yotam, putrana, jumeneng raja ngagentos anjeunna.

27 ¹ Yotam mimiti jumeneng raja dina yuswa dua puluh lima taun, ngarajaanana genep welas taun, calikna di Yerusalem. Jenengan ibuna Yerusa putra Sadok.

² Anjeunna midamel anu sapagodos jeung manah PANGERAN, cara ramana. Ngan henteu nurutan dosa anu dipidamel ku ramana, anu ngukus ku anjeun di Bait Allah. Tapi ari rahayat mah angger ngaralampahkeun dosa.

³ Nya Yotam anu ngadamel gapura anu disebut Gapura Kaler, di Bait Allah. Kuta kota Opel di wewengkon Yerusalem ku anjeunna dipanjangan.

⁴ Di pagunungan-pagunungan Yuda anjeunna ngadamel kota-kota. Di leuweung-leuweung ngadamel benteng-benteng jeung munara-munara.

⁵ Merangan jeung ngelehkeun raja Amon sabaladna. Urang Amon salila tilu taun dipaksa kudu mayar upeti unggal taun ku perak 3.400 kilogram, jeung ku dua rupa gandum masing-masing 1.000 ton.

⁶ Kakawasaan anjeunna terus nambah lan taran sumujud tur suhud ka PANGERAN Allahna.

⁷ Kajadian-kajadian waktu anjeunna ngarajaan, peperangan-peperangan jeung siasat-siasatna, kabeh kaungel dina Kitab Babad Raja-raja Israil jeung Yuda.

⁸ Waktu mimiti jumeneng raja, yuswana dua puluh lima taun, ngarajaanana genep welas taun, calikna di Yerusalem.

⁹ Sanggeus pupus dikurebkeun di Kota Daud. Ahas, putrana, jadi raja ngagentos anjeunna.

28 ¹ Ahas mimiti jumeneng raja dina yuswa dua puluh taun, ngarajaanana genep welas taun, calikna di Yerusalem. Lampahna teu cara lampah Raja Daud karuhunna, henteu sapagodos jeung manah PANGERAN,

² nulad lampah raja-raja Israil. Ngadamelan arca-arca Baal tina logam,

³ ngukus di Lebak Hinom, malah nepi ka meuncit putrana ku anjeun, diduruk dikurbankeun ka arca-arca sesembahanana, kadorakaan anu biasana dilampahkeun ku bangsa anu ku PANGERAN geus disingkahkeun ti dinya, waktu urang Israil mimiti daratang ka eta tanah.

⁴ Di tempat-tempat ngabakti ka brahala, di pasir-pasir jeung di handapeun tangkal anu ngararoyom Ahas nyembahkeun kurban-kurban jeung kukus.

⁵ (28: 5-6) Ku sabab Raja Ahas midamel dosa, ku PANGERAN disina eleh ku raja nagara Siria. Rahayat Yuda loba pisan anu diboyong

ka Damsik. Jeung ku PANGERAN disina eleh ku Pekah bin Remalya raja Israil. Saratus dua puluh rebu prajurit Yuda anu garagah beak kasambut dina sapoe. PANGERAN, Allah karuhunna anu ngersakeun kitu, sabab urang Yuda geus mungkir ti Mantenna.

⁶(28: 5)

⁷Aya hiji prajurit Israil ngaran Sikri, maehan Maaseya putra Ahas, maehan Asrikam kapala urusan karaton, jeung maehan Elkana kapercayaan Raja Ahas.

⁸Balad Israil geus teu ngingetkeun deui yen urang Yuda teh dulurna, ngaboyong 200.000 urang awewe jeung barudak urang Yuda, dikerid ka Samaria dijieun boyongan, jaba barang-barang jarahan kacida lobana.

⁹Di Samaria aya hiji nabi PANGERAN jenenganana Oded, megat balad Israil anu mawa boyongan urang Yuda, waktu eta balad geus meh asup ka kota. Pok misaur kieu, "Najan enya urang Yuda keur dibenduan ku GUSTI Allah karuhun aranjeun nepi ka disina eleh ku aranjeun, tapi Mantenna ge waspaoseun yen aranjeun telenges, numpes ka maranehna.

¹⁰Urang Yuda jeung urang Yerusalem, awewe, lalaki, ayeuna ku aranjeun rek dijieun badega-badega. Na teu rumasa aranjeun oge nyieun dosa ka PANGERAN, Allah aranjeun?

¹¹Reungeukeun kaula! Ieu boyongan teh, nu lalaki, nu awewe, dulur-dulur aranjeun.

Pulangkeun! Lamun henteu, PANGERAN tangtu bendu, nyiksa ka aranjeun."

¹²Aya deui anu henteu satuju kana kalakuan eta balad, opat kekentong Karajaan Kaler, nya eta Asarya bin Yohanan, Berekya bin Mesilemot, Yiskia bin Salum jeung Amasa bin Hadlai.

¹³Salaurna, "Ulah mawa boyongan ka dieu! Urang teh geus nyieun dosa ka PANGERAN, geus kacida matak benduna ka Mantenna nepi ka urang disiksa. Kari-kari eta kadorakaan teh ku aranjeun ditambahan ku ieu!"

¹⁴Seug boyongan jeung barang-barang jarahan teh ku eta balad dipasrahkeun ka nu di darinya jeung ka para pamingpinna.

¹⁵Ku anu opatan tea boyongan teh dirawatan, dipakeeanan ku papakeean tina barang jarahan, dibere tarumpah, dibere dahar jeung nginum, raheut-raheutna diulasan ku minyak jetun, tuluy dialanteurkeun deui nepi ka Yeriho, kota tangkal-tangkal korma di wewengkon Yuda. Anu geus kacida lalungseeunana nepi ka teu karuateun leumpang, ditarumpakkeun kana kalde. Ti dinya urang Israil anu ngalanteurkeunana baralik deui ka Samaria.

¹⁶(28: 16-17) Urang Edom mimiti ngabereg deui ka nagara Yuda, baralikna ngagiring boyongan loba pisan. Seug Raja Ahas mundut bala bantuan ka Tiglat Pileser raja Asur.

¹⁷(28: 16)

¹⁸ Sabot kitu, kota-kota Yuda anu di suku-suku gunung beulah kulon jeung di wewengkon pakidulanana ditarajang ku urang Pelisti. Kota-kotana loba anu karebut terus diandih, nya eta Bet Semes, Ayalon, Gederot, Soko, Timna jeung Gimso katut desa-desana.

¹⁹ Yuda ku PANGERAN disusuker, lantaran Raja Ahas ngidek-ngidek hak rahayatna jeung nganistakeun ka Mantenna.

²⁰ Ari raja Asur ti batan nulung ka Ahas anggur merangan, kacida ngarudetkeunana ka anjeunna.

²¹ Ku sabab kitu Ahas nepi ka nyita emas ti Bait Allah, ti karaton, jeung ti para pamingpin rahayat, dianggo ngarurubaan ka raja Asur, parandene kitu eta ge teu jadi pitulung.

²² Waktu kasusahanana meujeuhna muncak, eta anu jenengan Ahas teh dorakana ka PANGERAN beuki kacida,

²³ ngurban ka arca-arca aallahan urang Siria, bangsa anu geus ngelehkeunana. Da saurna, "Raja-raja Siria ditulungan ku dewa-dewa bangsana. Aing oge lamun ngurban ka eta dewa-dewa tangtu ditulungan." Puguh dosana anu eta anu ngalantarankeun anjeunna jeung bangsana cilaka oge.

²⁴ Malah anjeunna nyandakan paparabotan Bait Allah, diancur-ancurkeun, sarta Bait Allah terus ditutup, tuluy di sakuliah Yerusalem anjeunna ngadegkeun altar-altar.

²⁵ Di unggal kota jeung desa di Yuda, anjeunna ngadeg-ngadegkeun tempat ibadah ka brahala paranti ngukus ka aallah-anallah bangsa batur. Lampahna ngagebruskeun salira ku anjeun kana bebendu PANGERAN, Allah karuhunna.

²⁶ Kajadian-kajadian salian ti eta waktu anjeunna jumeneng, ti awal nepi kaahir, kaungel dina Kitab Babad Raja-raja Yuda jeung Israil.

²⁷ Sanggeus pupus anjeunna dikurebkeun di Yerusalem, tapi lain di makam paranti raja-raja. Hiskia, putrana, jadi raja gegentosna.

29¹ Hiskia mimiti jumeneng raja dina yuswa dua puluh lima taun. Ngarajaanana dua puluh salapan taun, calikna di Yerusalem. Jenengan ibuna Abia, putra Jakaria.

² Lampah anjeunna saperti lampah Daud karuhunna, sapagodos jeung manah PANGERAN.

³ Dina bulan kahiji taun jumenengna, Raja Hiskia muka deui lawang-lawang Bait Allah, sakalian diomean.

⁴ Anjeunna ngumpulkeun imam jeung urang Lewi di buruan Bait Allah beulah wetan,

⁵ tuluy ngadawuh, "Maraneh urang Lewi geura susuci. Sucikeun ieu Bait Allah, gedong PANGERAN Allah karuhun maraneh. Sagala barang anu ngotoran ieu Bait Allah piceunan.

⁶Karuhun urang geus barelot ti PANGERAN, Allah urang. Mantenna ngaraos teu suka. Maranehna geus malungkir ti Mantenna, narukangan ka tempat panglinggihana-Na.

⁷Lawang-lawang Bait Allah ditutup, lampu-lampuna dipareuman, tara ngahaturkeun kukus, tara ngahaturkeun kurban beuleuman di ieu Bait Allah, gedong Allah Israil.

⁸Nu matak PANGERAN teh bendu ka Yuda jeung ka Yerusalem. Hukuman anu katarima ku aranjeunna matak sieun sarerea. Maraneh tangtu geus teu bireuk deui kana hal eta.

⁹Karuhun urang tariwas di pangperangan, anak bojo urang digiring dijaradikeun boyongan.

¹⁰Ayeuna kami seja nyieun ikrar ka PANGERAN Allah Israil, mugia bendu-Na ka urang ulah kateterasan.

¹¹Anaking kabeh! Ulah ngahahambur deui waktu. Maraneh teh ku PANGERAN geus dibakukeun purah ngukus ka Mantenna jeung purah mingpin rahayat ngabarakti ka Mantenna."

¹²(29: 12-14) Urang Lewi anu harita araya di dinya nya eta: Mahat bin Amasai jeung Yoel bin Asarya, ti golongan Kahat. Kis bin Abdi jeung Asarya bin Yehalel, ti golongan Merari. Yoah bin Simna jeung Eden bin Yoah, ti golongan Gerson. Simri jeung Yehiel, ti golongan Elisapan. Jakaria jeung Matanya, ti golongan Asap. Yehuel jeung Simei, ti

golongan Heman. Semaya jeung Usiel, ti
golongan Yedutun.

¹³(29: 12)

¹⁴(29: 12)

¹⁵Maranehna ngumpulkeun urang
Lewi lianna, tuluy kabeh susuci.
Prak ngaralampahkeun timbalan raja,
ngaberesihan Bait Allah, nurutkeun papakon
Hukum PANGERAN.

¹⁶Ari para imam arasup ka Bait Allah, seja
nyucikeun eta. Sagala barang anu matak najis
kana Bait Allah dikaluar-luarkeun, ditumpuk
di buruanana. Ti dinya terus diakutan ku
urang Lewi ka luareun kota, ka Lebak Kidron.

¹⁷Eta pagawean dimimitian ti tanggal hiji
bulan kahiji, anggeusna dina tanggal dalapan,
kaasup jeung ngomean lawang asup ka
rohangen Bait Allah. Geus kitu disambung
deui dalapan poe nepi ka tanggal genep
welas, dipake tatahar geusan ngabakti di Bait
Allah.

¹⁸Ti dinya urang Lewi ngunjukkeun
hasil gawena ka Raja Hiskia, piunjukna,
"Padamelan abdi sadaya parantos rengse.
Bait Allah sakurilingna parantos pulih deui,
suci deui, kitu keneh altar paranti ngaduruk
kurban, sareng meja paranti roti suci katut
paparabotana.

¹⁹Paparabotan anu ku Raja Ahas disingkah-
singkahkeun waktos anjeunna mungkir
ti Allah tea, ku abdi sadaya parantos

diwang sul-wang sulkeun sareng parantos disanggakeun deui. Sadayana aya, caket altar PANGERAN."

²⁰Raja Hiskia teu talangke ngumpulkeun para kekentong, tuluy arangkat ka Bait Allah,

²¹nyandak sapi tujuh siki, domba tujuh siki, anak domba tujuh siki, jeung embe jalu tujuh siki, kurbankeuneun pikeun nebus dosa raja sakulawarga, dosa urang Yuda, jeung pikeun nyucikeun Bait Allah. Raja nimbalan ka para imam turunan Harun, sina mimiti ngurbankeun eta sato-sato kana altar.

²²Para imam meuncitan pikurbanneun. Mimitina sapi heula, tuluy domba, tuluy anak domba. Getihna dikepret-kepret kana unggal kurban dina altar.

²³Ahirna, imam-imam teh nyokot embe-embe, dibawa ka payuneun raja jeung ka jelema-jelema anu keur ngabarakti, tuluy raja jeung jalma rea narumpangkeun leungeunna ka eta embe-embe.

²⁴Tuluy embe-embe teh dipeuncitan ku para imam, getihna dikepret-kepret kana altar, jadi kurban pamupus dosa rahayat, karana timbalan raja eta kurban-kurban beuleuman jeung kurban pamupus dosa teh pikeun nebus dosa sakumna bangsa Israil.

²⁵Raja ngajalankeun aturan-aturan anu ku PANGERAN geus diandikakeun ka Daud ku jalan Gad, nabi raja, jeung ku jalan Nabi Natan. Anjeunna nempatkeun urang Lewi

di Bait Allah, purah narabeuh kacapi jeung kecrek,

²⁶tatabeuhan anu sok dipake dina jaman Daud. Para imam nyarekel tarompet, narangtung.

²⁷Raja Hiskia miwarang ngamimitian nyanggakeun kurban-kurban beuleuman. Prak dimimitian nyanggakeun, breng pakumpulan maruji ka PANGERAN, dipirig ku tarompet jeung tatabeuhan lianna.

²⁸Kabeh ngabarakti, maruji, tatabeuhan terus, nepi ka kurban-kurban beres disanggakeun.

²⁹Geus kitu Raja Hiskia sideku, kitu deui anu sejen, nyanggakeun hormat ka Allah.

³⁰Urang Lewi ku raja jeung ku para pamingpin bangsa dipiwarang nyanggakeun pupujian ka PANGERAN, tina pupujian karangan Daud jeung karangan Nabi Asap. Breng maruji bari sarideku dibarengan ku suka, ngabarakti ka Allah.

³¹Raja Hiskia nimbalan ka pakumpulan, dawuhanana, "Ayeuna maraneh geus bareresih. Prak geura nyaranggakeun kurban panarima ka PANGERAN." Seug pakumpulan nyanggakeun kurban. Aya anu kalawan sukana pribadi marere sato pikurbaneun,

³²sapi tujuh puluh, domba saratus, anak domba dua ratus, kabeh pikeun kurban beuleuman kangge PANGERAN.

³³Aya oge anu marere keur peunciteun baris dahareun sarerea, sapi genep ratus, domba tilu rebu.

³⁴Ku sabab kakurangan imam anu kudu meuncitan eta sato-sato sakitu lobana, seug dibarantuan ku urang Lewi nepi ka anggeus. Para imam lianna loba anu ngadadak susuci supaya barisa mantuan. (Dina hal susuci diri, urang Lewi leuwih tigin ti batan para imam.)

³⁵Kajaba ti kudu nyanggakeun kurban-kurban anu dibeuleum weuteuh baris dahareun jalma rea, para imam teh kudu ngaduruk gajih sato-sato tea, jeung kudu ngucuran kurban-kurban beuleuman ku cianggur. Ku jalan kitu hal ngabakti di Bait Allah teh mimiti diayakeun deui.

³⁶Raja Hiskia suka galih, jalma rea bararungah, reh kalawan pitulung Allah eta pagawean bisa gancang rengse.

30¹Raja Hiskia nyebankeun parentah ka sakumna bangsa Israil jeung Yuda, supaya daratang ka Bait Allah di Yerusalem, pikeun nedunan Paska jeung ngahormat ka PANGERAN, Allah Israil. Urang Epraim jeung urang Menase mah malah diperlukeun disuratan.

²Raja, para pajabatna jeung pagempungan di Yerusalem barempug. Paska teh dilampahkeunana arek dina bulan kadua bae,

³sabab teu kaburu dina waktuna, bulan kahiji, lantaran para imam tacan kabeh susuci

diri, jeung jalma-jalma ge tacan loba anu kumpul di Yerusalem.

⁴Raja geus satuju, kitu deui pagempungan,

⁵tuluy ngondang sakumna bangsa Israil ti Dan di kaler nepi ka Bersyeba di kidul, diajak nedunan Hukum Musa, diajak babarengan ngalampahkeun Paska, ngarah eta Paska leuwih loba anu nungkulana ti batan nu enggeus-enggeus.

⁶Para utusan riab ka sakuliah Yuda jeung Yerusalem ngemban parentah raja jeung ponggawa-pongawana, nyebankeun surat ondangan anu kieu ungelna, "Eh urang Israil anu saralamet waktu ieu nagara dielehkeun ku urang Asur, geura marulang ka PANGERAN, Allah Ibrahim, Ishak jeung Yakub. Mantenna tangtu nyarengan deui.

⁷Ulah kawas karuhun jeung urang Israil anu lianna, anu barelot ti PANGERAN Allahna, da aranjeun terang geuning maranehna disiksa ku Mantenna sakitu bangetna.

⁸Ulah baredegong kawas eta. Sing nurut ka PANGERAN. Hiap daratang ka Bait Allah di Yerusalem, anu ku PANGERAN geus disucikeun salalanggengna. Geura ngabarakti ka Mantenna, sangkan henteu dibenduan deui.

⁹Upama aranjeun marulang ka PANGERAN, baraya-baraya aranjeun anu dibaroyong teh tangtu bakal dipikarunya ku anu ngaboyongna nepi ka diparulangkeun deui. PANGERAN

Allah aranjeun teh sipat rahman sipat rahim, tangtu kersaeun nampi ka aranjeun, di mana aranjeun aranut deui ka Mantenna."

¹⁰ Saban kota wewengkon Epraim jeung Menase, nepi ka tungtung kaler di wewengkon kaom Sebulun, kabeh didatangan ku para utusan. Tapi ngan ngadon disaleungseurikeun jeung diparoyok ku urang dinya.

¹¹ Parandene kitu teu burung aya sawatara jalma kaom Aser, Menase jeung Sebulun, anu daraekeun daratang ka Yerusalem.

¹² Jeung deui urang Yuda ku Allah disina sahate satujuan aranut kana pangersa-Na, narurut kana parentah raja jeung para ponggawana.

¹³ Dina bulan kadua, jalma-jalma ambreg ka Yerusalem kacida lobana, seja ngalakonan Pesta Roti Teu Make Ragi.

¹⁴ Altar-alter di Yerusalem anu sok diparake ngurban jeung ngukus ku maranehna disingkir-singkirkeun, dipiceun ka Lebak Kidron.

¹⁵ Tuluy dina tanggal opat welasna mareuncit anak domba pikeun kurban Paska. Para imam jeung urang Lewi anu henteu susuci kacida areraeunana, tuluy bae susuci ngabdikeun diri ka PANGERAN,

¹⁶ tuluy merenahkeun maneh di Bait Allah, dina parantina, sakumaha aturan dina Hukum Musa abdi Allah tea. Getih sato-sato kurban

ku urang Lewi diasongkeun ka para imam sina dikepret-kepret kana altar.

¹⁷ Loba pisan jelema anu henteu prak sorangan meuncit anak domba pikeun Paska lantaran henteu susuci. Anu matak ditalangan ku urang Lewi dipangmeuncitkeun terus disucikeun ka PANGERAN.

¹⁸ Sajaba ti eta anu henteu nyarucikeun diri heula teh loba keneh, jalma-jalma ti kaom Epraim, Menase, Isaskar jeung Sebulun, jadi henteu sah marilu Paska. Anu matak ku Raja Hiskia dipangnedakeun ka PANGERAN,

¹⁹ "Nun PANGERAN, Allah karuhun abdi sadaya, mugi ieu jalmi-jalmi anu ngabarakti ka Gusti kalayan hate anu suhud, ku Gusti dihapunten sanaos maranehna teu acan susuci diri."

²⁰ Paneda Hiskia ku PANGERAN dikabul, jelema-jelema teh ku Mantenna dihampura, henteu aya sakara-kara.

²¹ Jalma-jalma karumpulna di Yerusalem tujuh poe, ngalakonan Pesta Roti Teu Make Ragi. Sajeroning kitu unggal-unggal poe urang Lewi jeung para imam nyanggakeun paneda ka PANGERAN kalawan suhud.

²² Urang Lewi ku raja dipuji kabinangkitanana ngatur eta upacara ngabakti ka PANGERAN. Sanggeus anu tujuh poe wekasan, anu dieusi ku nyanggakeun kurban-kurban beuleuman jeung pupujian ka PANGERAN Allah karuhunna,

²³jalma-jalma kabeh rempug rek neruskeun pesta tujuh poe deui. Seug nareruskeun pesta, kacida aratoheunana.

²⁴Raja Hiskia nyumbangkeun sapi sarebu jeung domba tujuh rebu, peunciteun jeung dahareun sarerea. Para ponggawa nyumbangkeun sapi sarebu jeung domba sapuluh rebu. Para imam loba anu kudu terus nyarucikeun diri.

²⁵Jalma-jalma barungah, urang Yuda, para imam, urang Lewi, urang wewengkon kaler, kitu deui jelema-jelema anu ngadon tetep di Israil jeung Yuda.

²⁶Kota Yerusalem pinuh ku bagja, lantaran ti jaman Raja Suleman putra Daud kakara aya deui pesta anu rongkah kitu.

²⁷Para imam jeung urang Lewi nyarambat berkah PANGERAN mangnedakeun jalma rea. Panedana ku Allah dimakbul ti sawarga panglinggihana-Na.

31 ¹Sabada pesta wekasan, sakumna bangsa Israil ngadatangan kota-kota Yuda, ngancur-ngancurkeun tugu-tugu brahala, nyacar arca-arca Asera, ngaburak-barik tempat-tempat ngabakti ka brahala jeung altar-altarna. Kabeh dieuweuhkeun ti sakuliah Yuda, kitu deui ti wewengkon-wewengkon Binyamin, Epraim, jeung Menase. Geus kitu kakara maranehna baralik ka tempatna masing-masing.

²Para imam jeung urang Lewi ku Raja Hiskia diatur deui, dijieun rombongan-rombongan. Tiap rombongan boga papancen anu baku keur rombonganana, kayaning: metakeun kurban beuleuman, kurban karapihan, ngabantu ngalaksanakeun kumpulan ibadah di Bait Allah, nyanggakeun pupujian jeung pangucap sukur di ditu di dieu di Bait Allah.

³Raja Hiskia nyayagikeun sato-sato kurban tina kagunganana ku anjeun, pikeun kurban beuleuman isuk jeung sore, pikeun kurban unggal poe Sabat, unggal poe Pesta Bulan Anyar, jeung pikeun kaperluan poe-poe suci salian ti eta anu dimistikeun ku Hukum PANGERAN.

⁴Jeung deui timbalan raja, urang Yerusalem kudu marere derma ka para imam jeung urang Lewi, sangkan maranehna jongjon jeung suhud ngajaranlankeun papancen-papancen anu dimistikeun dina Hukum PANGERAN.

⁵Meunang parentah kitu urang Israil gancang narurut. Para imam jeung urang Lewi pada marawakeun, gandum panghadena, cianggur, minyak jetun, madu jeung hasil bumi lianna, jaba marawakeun perpuluhan tina sagala kabogana.

⁶Jalma-jalma anu caricing di kota-kota Yuda, kabeh marere perpuluhan tina sapina jeung dombana, jaba derma-derma lianna

kacida lobana, beunang misahkeun ti anu dibaktikeun ka PANGERAN Allahna.

⁷ Dina bulan anu katilu, sumbangan-sumbangan mimiti merul, kitu bae saterusna nepi ka opat bulan, datang ka ngunung-ngunung.

⁸ Raja Hiskia jeung para ponggawa ngarucap sukur ka PANGERAN, reh ningali barang-barang sumbangan sakitu lobana, sarta maruji ka urang Israil.

⁹ Raja cacarios ka para imam jeung urang Lewi perkara eta sumbangan.

¹⁰ Asarya, Imam Agung, turunan Sadok, unjukan kieu ka anjeunna, "Ti wangkid jalmi-jalmi ngawitan ngabarantun sumbangan ka Bait Allah, tedaeu abdi sadaya kalintang cekapna, tur sakitu seueurna keneh. Eta sadaya hibar berkahing PANGERAN ka umat-Na."

¹¹ Ku timbalan raja maranehna nyieun gudang-gudang di lingkungan Bait Allah;

¹² barang-barang sumbangan jeung perpuluhan teh disimpen di dinya supaya aman. Tuluy ku raja jeung Imam Agung Asarya dicangkingkeun ka hiji urang Lewi ngaran Konanya, dibantu ku adina anu ngaran Simei,

¹³ ngabawah sapuluh urang deui urang Lewi nya eta: Yehiel, Asasia, Nahat, Asahel, Yerimot, Yosabad, Eliel, Yismakya, Mahat jeung Benaya. Nohonan satimbalan raja

jeung Imam Agung Asarya, eta sakabehna ku maranehna dilaksanakeun.

¹⁴Kore bin Yimna, urang Lewi kapala jaga lawang Bait Allah di Gapura Wetan, dikawasakeun narimaan barang-barang pangbakti ka PANGERAN jeung ngabagibagikeunana.

¹⁵Di kota-kota sejen tempat pamukiman para imam, manehna boga pangbantu-pangbantu anu saratia, urang Lewi kenehnya eta: Eden, Minyamin, Yesua, Semaya, Amarya jeung Sekanya, purah ngabagikeun bahan dahareun kalawan walatra ka papada urang Lewi, nurutkeun kumaha papancenna,

¹⁶Iain nurutkeun golongan-golonganana. Sakabeh lalaki anu umur tilu puluh taun ka luhur, anu kagiliran tugas saban poe di Bait Allah, eta oge dibererena bagian teh masing-masing ku karana papancenna.

¹⁷Para imam diaturna nurutkeun golonganana, ari urang Lewi anu umurna dua puluh taun ka luhur diaturna nurutkeun rombonganana.

¹⁸Eta mah didaptarna jeung saanak bojona katut sakur anu jadi tanggunganana, lantaran kudu sayaga saban waktu pikeun ngajalankeun tugas-tugas suci.

¹⁹Di ungal kota jeung sampalanana anu diajangkeun keur turunan Harun, aya imam-imam anu dikawasakeun ngabagikeun bahan dahareun ka sakabeh kulawarga imam

anu lalaki jeung ka sakur anu asup kana daptar golongan-golongan Lewi.

²⁰ Di sakuliah Yuda, Raja Hiskia midamel anu sapagodos jeung manah PANGERAN Allahna.

²¹ Sagala ihtiarna pikeun kapentingan Bait Allah jeung pikeun ngalaksanakeun papakon PANGERAN, dijalankeunana kalawan manah anu suhud, satia, taat ka anu jadi Allahna, nu matak sagala damelna lulus.

32 ¹Sanggeus kitu, sajeroning Raja Hiskia suhud junun kumawula ka PANGERAN, Yuda dirurug ku Raja Sanherib ti Asur. Kota-kota bentengna ku Sanherib dikepung, kuta-kutana dipiwarang dibabolkeun ku baladna.

²Barang Hiskia uninga yen Sanherib arek terus ngarurug ka Yerusalem,

³(32: 3-4) anjeunna jeung para ponggawana mutuskeun rek ngurugan cinyusu-cinyusu luareun kota, supaya lamun balad Asur geus ngadeukeutan Yerusalem ulah maranggih cai. Seug cinyusu-cinyusu teh diarurugan ku jalma rea, dikapalaan ku para ponggawa, caina teu bijil deui.

⁴(32: 3)

⁵Hahalang-hahalang kota ditohagaan, kuta-kuta diomean, jeung di luhurna diadegan munara-munara, malah kutana ditambah jadi dua lapis. Benteng-benteng di wewengkon Yerusalem heubeul oge diomean,

sarta anjeunna ngadamelan tumbak jeung
kepeng loba pisan.

⁶Urang kota ku anjeunna dipiwarang kumpul
di alun-alun deukeut lawang kota, dikapalaan
ku para perwira. Geus kitu ditimbalan kieu,

⁷"Sing taleger, sing galede hate, ulah sieun
ku raja Asur sabaladna. Urang teh dibanding
ku kakuatan anu leuwih ti itu.

⁸Kakuatan itu kakuatan manusa,
kakuatan urang mah salira PANGERAN,
Allah urang, anu bakal mitulung ka
urang, mangmerangankeun." Ngadarenge
panglelemu rajana kitu rahayat taleger
hatena.

⁹Geus kitu aya anu daratang ka Hiskia
jeung urang Yuda di Yerusalem, para
utusan Sanherib anu harita aya di Lakis
sabalad-balad, nepikeun timbalan kieu,

¹⁰"Kami Sanherib raja Asur arek nanya.
Naon andelan maraneh mana caricing keneh
di Yerusalem sakitu enggeus kakepung?

¹¹Carek Hiskia maraneh bakal luput ti kami,
majar bakal disalametkeun ku PANGERAN
Allah maraneh. Saenyana maraneh ku Hiskia
rek disina paraeh langlayeuseun jeung
halabhab,

¹²da manehna geus ngaburak-barik kuil-kuil
PANGERAN reujeung altar-altarna. Jeung
carekna, urang Yuda jeung urang Yerusalem
kudu muja jeung ngukus dina hiji altar bae.

¹³Na acan nyaraho wewesen karuhun kami jeung wewesen kami pribadi ka bangsa-bangsa sejen? Karah aya dewa-dewa bangsa-bangsa lian anu bisa nyalametkeun umatna ti raja Asur?

¹⁴Karah iraha aya dewa eta nagri-nagri anu geus bisa ngajait ngrina ti kami? Jadi pangira maraneh bakal disalametkeun ku Allah maraneh teh naon dasarna?

¹⁵Ulah beunang kawujuk atawa kabobodo ku Hiskia! Omonganana ulah diandel! Taya hiji dewa anu geus bisa ngarahayukeun umatna ti leungeun raja Asur anu mana bae. Anu matak sing percaya ka kami, allah maraneh oge pamohalan bisaeun nulungan ka maraneh!"

¹⁶Ucap-ucapan eta utusan-utusan bangsa Asur anu ngaromongkeun ka GUSTI Allah jeung ka Hiskia kaula PANGERAN kacida garihalna.

¹⁷Ungel surat raja Asur tea nganistakeun ka PANGERAN, Allah Israil. Kekecapanana, "Dewa-dewa nagri-nagri lian geus teu barisaeun nulungan umatna tina kakawasaan kami. Allahna Hiskia oge pamohalan bisaeun nulungan umatna tina kakawasaan kami."

¹⁸Eta utusan-utusan ngaromongna ku basa Ibrani jeung dihaja ditarikkeun, dipake ngageretak urang Yerusalem anu reuteum dina luhur kuta, sina laleungit wawanen ngarah eta kota leuwih babari direbutna.

¹⁹Allahna Yerusalem ku musuh diaromongkeun, disaruakeun jeung dewa-dewa bangsa-bangsa sejen buatan leungeun manusa.

²⁰Raja Hiskia jeung Nabi Yesaya putra Amos sasambat tariik ka Allah, neda pitulung.

²¹Ti dinya PANGERAN ngutus hiji malaikat, anu terus niwaskeun serdadu-serdadu jeung para senapati balad Asur. Raja Asur gancang mulih ka nagarana bari nandang wirang. Dina hiji poe sabot keur aya di kuil dewana, anjeunna dipaehan ku pedang, ku putra-putrana keneh.

²²Ku jalan kitu PANGERAN ngaluputkeun Raja Hiskia jeung urang Yerusalem tina kakawasaan Sanherib raja Asur, kitu deui ti musuh-musuh lianna. Umat Mantenna dikertakeun ti sakabeh nagri tatanggana.

²³Geus kitu jalma-jalma merul ka Yerusalem, nyaranggakeun pangbakti ka PANGERAN jeung ka Raja Hiskia. Ti semet harita Raja Hiskia pada ngajenan ku sakabeh bangsa.

²⁴Dina hiji mangsa Raja Hiskia teu damang datang ka meh pupus. Seug anjeunna neneda, sarta ku PANGERAN dipaparin tanda yen bakal damang.

²⁵Tapi Hiskia ngaraos henteu perlu kudu muji sukur nganuhunkeun kana kasaean PANGERAN ka anjeunna, manahna jadi angkuh, anu ngalantarankeun Yuda jeung Yerusalem nandangan bebendu Mantenna.

²⁶Tapi ahirna mah anjeunna rumaoseun kana kaangkuhanana, kitu deui urang Yerusalem ngararendahkeun maneh. Nu matak sapanjang Hiskia jumeneng mah maranehna henteu dikeunaan siksaan.

²⁷Raja Hiskia jadi kacida beungharna tur pada mikaserab ku unggal jalma. Anjeunna ngadamel tempat-tempat panyimpenan pikeun nyimpen rajabranana, emas, perak, permata-permata, wawangian, kepeng-kepeng jeung rupa-rupa deui salian ti eta.

²⁸Jeung ngadamel gudang-gudang keur nyimpen kakayaan lianna, gandum, cianggur jeung minyak jetun. Ngadamel kandang-kandang keur sapi-sapina, ngadamel karapyak keur domba-dombana.

²⁹Jaba ti nu geus aya, anjeunna ku PANGERAN dipaparin deui domba jeung sapi, kitu deui raja kaya lianna teu kira-kira lobana, nepi ka iasa ngadamel kota-kota loba pisan.

³⁰Raja Hiskia mendet cai anu ngocor ti cinyusu Gihon, dikocorkeun kana susukan nembus torowongan anu brasna ka jeroeun kuta Yerusalem. Hiskia lulus dina sagala damelna.

³¹Malah basa aya utusan-utusan Babul anu rek marenta keterangan perkara tanda ajaib tea di eta nagara, anjeunna ku Allah diingkeun midamel sakersana, ngan diuji

bae wungkul sangkan kauninga saeusining manahna.

³² Sagala hal anu dipidamel ku Raja Hiskia jeung hal suhudna ka PANGERAN, kaungel dina Kitab Titungalian Nabi Yesaya putra Amos, jeung dina Babad Raja-raja Yuda jeung Israil.

³³ Sanggeus pupus dikurebkeun di makam karajaan beulah girang. Pupusna kacida dihormat-hormatna ku urang Yuda jeung urang Yerusalem. Geus kitu Menase putrana jumeneng raja ngagentos anjeunna.

33¹ Menase mimiti jumeneng raja nagara Yuda dina yuswa dua welas taun.

Ngarajaanana lima puluh lima taun, calikna di Yerusalem.

² Lampahna matak giruk, kawas lampah bangsa-bangsa anu geus disingkahkeun ku PANGERAN ti eta tanah waktu umat-Na daratang ka dinya.

³ Anjeunna ngadegkeun deui tempat-tempat ngabakti ka brahala anu ku Hiskia, ramana, geus diburak-barik. Ngadamel altar-altar paranti muja ka Baal, ngadamel arca-arca Asera, jeung nyembah ka bentang-bentang.

⁴ Di Bait Allah ge, tempat anu ku PANGERAN dipilih salalanggengna paranti ngabakti ka Mantenna, ngadegkeun altar-altar brahala.

⁵ Buruan Bait Allah duanana diadegan altar-altar paranti muja ka bentang-bentang.

⁶ Malah anjeunna meuncit putrana di Lebak Hinom, diduruk dikurbankeun. Metakeun elmu ngaramal, elmu sihir, jeung sok menta nasehat ka tukang-tukang metangan jeung tukang-tukang manggil arwah. Dorakana ka PANGERAN teh nataku, matak bendu.

⁷ Bait Allah diteundeunan arca, teu tolih geus aya timbalan Allah ka Daud jeung Suleman yen: "Ieu tempat, di Yerusalem, di ieu Bait Allah, ku Kami dipilih ti sakabeh wewengkon dua welas kaom Israil, paranti ngabakti ka Kami.

⁸ Saupama urang Israil narurut kana timbalan-timbalan Kami, parengkuh kana hukum anu ku Musa abdi Kami geus diajangkeun ka maranehna, ku Kami moal dibikeun aya anu nyinkahkeun ti ieu tanah anu ku Kami geus diserenkeun ka karuhunna."

⁹ Urang Yuda ku Menase disasabkeun, datang ka jadi leuwih doraka ti batan bangsa-bangsa anu ku PANGERAN geus disingkahkeun ti tanah eta, waktu umat-Na mimiti daratang ka dinya.

¹⁰ Menase jeung rahayatna ku PANGERAN dielingan, tapi henteu narurut.

¹¹ Nu matak Yuda teh ku PANGERAN diantep dirurug ku balad Asur. Menase ku musuh dicerek make kakait tuluy dirante, jeung diboyong ka Babul.

¹²Sanggeusna sangsara, anjeunna ngarendahkeun salira sarta tobat ka PANGERAN Allahna, sasambat ka Mantenna mundut pitulung.

¹³Panyambatna ku Allah ditampi, dimakbul, tuluy dipulangkeun ka Yerusalem sarta ngarajaan deui. Ayeuna Menase yakin yen PANGERAN teh Allah.

¹⁴Sanggeus kitu, kuta jajaran luar di wetaneun Kota Daud ku Menase diluhuran, mimiti ti hiji tempat di hiji lebak deukeut cinyusu Gihon, terus ka kaler nepi ka Gapura Lauk jeung wewengkon hiji kota anu disebut Opel. Di unggal kota benteng di Yuda, Menase nempatkeun pasukan-pasukan anu masing-masing dibawah ku hiji perwira.

¹⁵Aallahan-aallahan bangsa lian jeung arca-arca anu bareto ku anjeunna ditempat-tempatkeun di Bait Allah, kitu deui altar-altar brahala di luhur pasir tempat Bait Allah ngadeg, jeung anu di tempat-tempat sejen di Yerusalem, ku anjeunna disingkir-singkirkeun kabeh ka luareun kota, dipiceun.

¹⁶Altar-altar paranti ngabakti ka PANGERAN diomean, seug anjeunna nyanggakeun kurban panarima jeung kurban pamuji sukur dina eta altar. Urang Yuda ditimbalan ngabarakti ka PANGERAN Allah Israil.

¹⁷Jalma-jalma najan ngalurbanna masih keneh di tempat-tempat sejen, tapi ditujukeunana mah ka PANGERAN.

¹⁸ Sagala hal anu dijalankeun ku Menase, hal sasambatna ka Allahna, hal amanat ilahi anu ku nabi-nabi diunjukkeun ka anjeunna kalawan nyebut jenengan PANGERAN Allah Israil, kabeh kaungel dina Kitab Babad Raja-raja Israil.

¹⁹ Ari hal paneda raja, hal waleran Allah kana panedana, hal dosa-dosana, kadorakaanana samemeh tobat, halna ngadegkeun tempat-tempat ngabakti ka brahala, halna ngadamel arca-arca Asera, halna ngadamel arca-arca brahala jeung tuluy disembah, kabeh kaungel dina Kitab Carita Para Nabi.

²⁰ Menase pupus, dikurebkeun di lingkungan karaton, sarta Amon putrana jadi raja gegentosna.

²¹ Amon mimiti jadi raja nagara Yuda dina yuswa dua puluh dua taun. Ngarajaanana dua taun, calikna di Yerusalem.

²² Lampahna cara lampah Menase, ramana, midamel dosa ka PANGERAN jeung nyembah ka brahala-brahala anu bareto disembah ku ramana.

²³ Tur anjeunna mah henteu terus ngarendahkeun anjeun cara ramana, sarta dorakana leuwih-leuwih ti batan ramana.

²⁴ Anjeunna ditelasan di karaton ku ponggawa-pongawana.

²⁵ Tapi anu nelasanana oge kabeh dipaahan ku urang Yuda, sarta urang Yuda tuluy

ngajenengkeun Yosia putrana ngagentos anjeunna.

34¹ Yosia mimiti jumeneng raja Yuda dina yuswa dalapan taun. Ngarajaanana tilu puluh hiji taun, calikna di Yerusalem.

²Anjeunna midamel anu sapagodos jeung manah PANGERAN, nulad lampah Raja Daud karuhunna, sakuat-kuat ngalakonan sagala papakon Allah.

³Sanggeus jadi raja, dina taun kadalapanna, Yosia anu anom keneh pisan teh geus mimiti ngajalankeun ibadah ka Allah panutan Raja Daud karuhunna. Heuleut opat taun deui anjeunna mimiti ngagempur tempat-tempat ngabakti ka brahala, numpes arca-arca Asera jeung arca-arca brahala salian ti eta.

⁴Anjeunna metakeun jalma-jalmana ngaruksakkeun altar-altar paranti ngabakti ka Baal, ngancurkeun altar-altar parukuyanana sakurilingeun eta. Arca-arca Asera kitu deui arca-arca sesembahan lianna dibebekan nepi ka jadi tipung, tuluy diawurkeun ka kuburan jelema-jelema anu keur harirupna sok ngalurban di dinya.

⁵Tulang-taleng para imam brahala ku anjeunna diduruk dina altar-altar urut maranehna ngabakti. Ku jalan kitu Yuda jeung Yerusalem ku anjeunna disina beresih deui.

⁶Kota-kota jeung wewengkon-wewengkon tarikolot di tanah Menase, Epraim jeung

Simeon, terus nepi ka tanah Naphtali di kaler,
eta oge ku anjeunna dikitukeun.

⁷ Altar-altar jeung arca-arca Asera di sakuliah wewengkon Karajaan Kaler ku anjeunna dilebur-leburkeun, brahala-brahala dibubukkeun nepi ka jadi lebu, altar-altar parukuyanana diremuk-remukkeun. Sanggeus kitu kakara anjeunna mulih deui ka Yerusalem.

⁸ Dina taun kadalapan belas pamarentahanana, sabada nyucikeun tanah jeung Bait Allah ku jalan numpes kabiasaan ibadah ka brahala, Raja Yosia miwarang ngomean Bait Allah ka tilu jelema, Sapan bin Asalya, Maaseya, gupernur Yerusalem, jeung Yoah bin Yoahas, gegeden iuhur.

⁹ Duit anu dikumpulkeun di Bait Allah ku para pangawal tea dipasrahkeun ka Imam Agung Hilkia. (Eta duit teh beunang ngumpulkeun ti urang Epraim, ti urang Menase jeung ti urang Karajaan Kaler salian ti eta, kitu deui ti urang Yuda, ti urang Binyamin jeung ti urang Yerusalem.)

¹⁰ Tuluy ku Imam Agung Hilkia diserenkeun ka anu tiluan tea anu kudu makihiikeun ngomean Bait Allah. Ku maranehna diserenkeun

¹¹ ka tukang-tukang kayu jeung tukang-tukang ngadegkeun, sina dibalanjakeun meuli kayu jeung batu keur ngomean

adegan-adegan anu bareto diraruksak ku raja-raja Yuda.

¹²Anu migawe eta pagawean kabeh jelema jujur, dikapalaan ku opat urang Lewi: Yahat jeung Obaja ti golongan Merari, Jakarta jeung Mesulam ti golongan Kahat. (Urang Lewi teh palinter nabeuh.)

¹³Urang Lewi salian ti eta gawena ngatur anu ngakutan bahan-bahan, jeung ngatur rupa-rupa pigaweeun kuli-kuli, nu sawareh deui purah nyatet-nyatetkeun atawa purah ngajaga.

¹⁴Waktu nyandak duit ti kamar simpen, Hilkia mendakan kitab Hukum PANGERAN, anu ku Allah diserenkeun ka Musa tea.

¹⁵Anjeunna sasauran ka Sapan, "Kaula nimu kitab Hukum PANGERAN ti Bait Allah," saurna bari kitabna diasongkeun ka Sapan.

¹⁶Ku Sapan disanggakeun ka raja sarta piunjukna, "Sugri timbalan parantos dijalankeun.

¹⁷Artos anu disimpen di Bait Allah parantos dibantun, diserenkeun ka anu didaramel sareng ka mandor-mandor."

¹⁸Piunjukna deui, "Sareng abdi ngabantun ieu kitab ti Hilkia." Kitabna ku Sapan tuluy dibaca di payuneun raja.

¹⁹Sanggeus ngadangu ungel eta kitab, raja mani ngagebeg terus nyosoeh raksukan.

²⁰Geuwat marentah ka Hilkia, Ahikam bin Sapan, Abdon bin Mikaya, Sapan sekretaris

nagara, jeung ka Asaya pangaping raja,
timbalanana,

²¹ "Kami, kitu deui rahayat anu araya keneh
di Israil jeung Yuda buru-buru pangnaroskeun
ka PANGERAN hal ungel ieu kitab. Geuning
eta timbalan-timbalan PANGERAN teh geus
teu dilalampahkeun ku karuhun urang bareto,
kamistian-kamistian anu kaungel dina eta
kitab ku aranjeunna henteu dilakonan. Tangtu
urang dibenduan ku PANGERAN."

²² Kalawan timbalan raja, Hilkia jeung nu
sejenna arangkat ka Hulda, nabi istri anu
calikna di Yerusalem di babakan anyar rek
tumaros ka eta nabi. (Caroge eta nabi nya
eta Salum bin Tikwa putu Harhas, purah
ngurus jubah-jubah Bait Allah.) Perkarana ku
aranjeunna dicarioskeun ka eta nabi istri.

²³ Aranjeunna ku eta nabi istri dijurung ka
raja deui pikeun ngunjukkeun

²⁴ amanat ilahi ti PANGERAN anu kieu,
"Kanyahokeun, Kami rek ngadatangkeun
kacilakaan ka Yerusalem jeung rahayatna,
ngeunakeun panyapa-panyapa anu kaungel
dina kitab anu dibacakeun ka raja tea.

²⁵ Jalma-jalma geus mariceun ka Kami, seug
ngalurban ka aallah-anallah bangsa sejen,
laku lampahna ngahudangkeun amarah Kami.
Amarah Kami ka Yerusalem geus ngagugudag
moal pareum-pareum.

²⁶ Ari pikeun raja pribadi, kieu timbalan Kami, GUSTI Allah Israil: Maneh geus nurut kana ungel eta kitab,

²⁷ sarta barang nyaho yen Kami ngancam rek ngahukum Yerusalem jeung pribumina, maneh tobat, ngarendahkeun diri di payuneun Kami, nyosoeh pakean jeung ceurik. Panyambat maneh ku Kami didangu.

²⁸ Ku sabab eta, sapanjang maneh tacan mulang ti dunya mah Kami moal waka prak ngahukum Yerusalem. Ajal maneh mah ku Kami rek dicandak dina kagenahan." Geus kitu aranjeunna ngadareuheus deui ka Raja Yosia rek ngunjukkeun eta amanat.

²⁹ Sanggeus kitu, Raja Yosia miwarang kumpul ka sakumna pamingpin Yuda jeung Yerusalem,

³⁰ ti dinya sarerea arindit ka Bait Allah jeung anjeunna, dibarengan ku para imam jeung urang Lewi kitu deui rahayat lianna, anu beunghar, anu miskin. Seug raja ngaos kitab perjangjian anu katimu ti Bait Allah tea hareupeun sarerea nepi ka tamat.

³¹ Lajeng anjeunna ngadeg deukeut pilar paranti raja-raja, ngucapkeun ikrar ka PANGERAN yen sumeja anut ka Mantenna, baris nohonan sagala papakon jeung timbalana-Na terus jeung manah, tembus kana lelembutan, baris ngalakonan hukum-hukum anu aya dina eta perjangjian, sakumaha ungel eta kitab.

³² Urang Binyamin jeung sakur anu araya di Yerusalem diajak jangji yen seja nohonan eta perjangjian. Prak urang Yerusalem ngalampahkeun kamistian-kamistian eta perjangjian anu ku maranehna geus diikrarkeun ka Allah jungjunan karuhunna.

³³ Ti dinya Raja Yosia numpes sakabeh arca brahala pikagirukeun ti sakuliah wewengkon anu asup ka wewengkon urang Israil, sarta sapanjang jumenengna anjeunna ngudukeun supaya rahayat ngabdi ka PANGERAN, Allah karuhunna.

35¹ Yosia mestateun Paska di Yerusalem pikeun ngamulyakeun PANGERAN. Dina tanggal opat welas bulan kahiji, anjeunna miwarang peupeuncitan pikeun kaperluan pesta.

² Para imam ku anjeunna dipiwarang ngalampahkeun kawajibana di Bait Allah bari dideudeul sumangetna sangkan saruhud.

³ Ka urang Lewi anu jaradi juru wulang rahayat Israil, tur geus disarucikeun pikeun PANGERAN, anjeunna marentah kieu, "Tempatkeun Peti Perjangjian suci di Bait Allah anu diadegkeun ku Raja Suleman putra Raja Daud. Jadi maraneh teu kudu ngagarotong deui eta peti ka ditu ka dieu. Kawajiban maraneh ayeuna kudu kumawula ka PANGERAN Allah maraneh, jeung Allah umat-Na, urang Israil.

⁴ Geura areusian tempat anu geus dibakukeun pikeun maraneh di Bait Allah, nurutkeun jajaran golongan masing-masing, sapagodos jeung kawajiban maraneh anu geus dibakukeun ku Raja Daud jeung ku Raja Suleman putrana.

⁵ Nyokot tempatna atur sing rapih, sing matak babari ka anu rek ngabantu ka unggal kapala kulawarga Israil bagianana masing-masing.

⁶ Anak domba pikeun Paska jeung embe-embe jalu kudu ku maraneh dipeuncitanana. Pek geura susuci sangkan bisa terus tatahar pikeun kurban-kurban, supaya dulur-dulur maraneh sasama Israil bisa naredunan papakon-papakon anu ku Allah diparentahkeun ku jalan Musa tea."

⁷ Pikeun kapentingan rahayat anu ngalakonan Paska, Raja Yosia nyumbangkeun tilu puluh rebu domba, anak domba, jeung anak embe, jeung tilu rebu sapi, tina kagunganana ku anjeun.

⁸ Ponggawa-pongawana oge nyarumbang pikeun rahayat, pikeun para imam, jeung pikeun urang Lewi. Ari para pajabat anu ngatur urusan Bait Allah, nya eta Hilkia Imam Agung, Jakaria, jeung Yehiel, nyumbang dua rebu genep ratus anak domba jeung anak embe pikeun para imam, jeung tilu ratus sapi keur kurbankeuneun sapanjang pesta.

⁹ Para pamingpin urang Lewi, Konanya, Semaya, jeung Netanel saderekna, Hasabya, Yiel, jeung Yosabad, nyidekahan urang Lewi lima rebu anak domba jeung anak embe, jeung lima ratus sapi sina dikurbankeun.

¹⁰ Sanggeus sagala kaperluan pikeun Paska geus tarapti, para imam jeung urang Lewi merenahkeun maneh satempat-tempatna luyu jeung pituduh ti raja.

¹¹ Anak domba jeung anak embe geus dipeuncitan, tuluy disisitan ku urang Lewi, getihna ku para imam dikepret-kepret kana altar.

¹² Daging pikurbanneun dibagi-bagikeun ka jalma rea nurutkeun jajaran kulawarga masing-masing keur kurban beuleuman, sina dikurbankeun sapagodos jeung papakon dina Hukum Musa.

¹³ Eta kurban-kurban Paska ku urang Lewi dipanggang sakumaha ceuk papakonna. Daging pikeun kurban-kurban suci dimasakna dikulub dina dalung, dina kancah, jeung dina panci. Geus arasak buru-buru dibagikeun ka jalma rea.

¹⁴ Geus kitu urang Lewi misahkeun daging keur maranehna sorangan, keur para imam turunan Harun, jeung keur para imam anu digarawe nepi ka peuting nyanggakeun kurban anu dibeuleum gembleng, jeung ngaduruk gajih sato-sato kurban.

¹⁵ Urang Lewi anak putu Asap anu ahli nabeuh geus tarapti di tempatna anu baku sakumaha aturan ti Raja Daud: Asap, Heman, jeung Yedutun jurupeleng raja. Para pangawal lawang-lawang Bait Allah taya anu ninggalkeun jagaanana, sabab daging Paska keur maranehna geus disadiakeun ku urang Lewi sejenna.

¹⁶ Sagala rupa anu kudu dilampahkeun poe eta sakumaha anu diparentahkeun ku Raja Yosia, nya eta ngabakti ka PANGERAN nedunan Paska, jeung nyanggakeun kurban-kurban beuleuman dina altar, geus rengse.

¹⁷ Nepi ka tujuh poe lilana urang Israil anu kumpul di dinya mestakeun Paska jeung nedunan Pesta Roti Teu Make Ragi.

¹⁸ Ti jaman Nabi Samuel, kakara harita aya anu mestakeun Paska sakitu rosana. Nya kitu deui raja-raja anu ti hareula, tacan aya anu mestakeun Paska kawas ieu anu diayakeun ku Raja Yosia, para imam, urang Lewi, urang Yuda, urang Israil, jeung urang Yerusalem,

¹⁹ anu diayakeunana dina taun kadalapan welas pamarentahan Yosia.

²⁰ Hiji mangsa sanggeus Raja Yosia midamel eta sagala rupa pikeun Bait Allah, Raja Neko ti nagara Mesir budal nyandak baladna arek perang di Karkemis di sisi Walungan Eprat. Yosia kaluar kersana rek ngahalang-halang.

²¹ Tapi Neko ngintun utusan nepikeun timbalanana anu kieu, "Perang anu keur dilakonan ku kaula ayeuna teu aya patalina jeung sampean, raja Yuda. Kaula sanes rek merangan sampean. Kaula mah rek merangan musuh, tur geus ditimbalan ku Allah yen kudu buru-buru. Allah aya di pihak kaula. Jadi sampean ulah kagungan niat ngayonan kaula bilih dicilakakeun ku Mantenna."

²² Tapi Yosia keukeuh bae rek merangan. Timbalan Allah ku jalan Raja Neko ku anjeunna teu dipalire. Seug nyamar terus majeng perang di lapang Megido.

²³ Dina eta perang anjeunna keuna ku jamparing urang Mesir, seug nimbalan ka abdi-abdina saurna, "Kami bawa ti dieu. Kami tatu parna!"

²⁴ Tuluy anjeunna dipayang tina karetana, dipindahkeun kana kareta sejen anu geus sadia di dinya, tuluy dibawa ka Yerusalem. Tapi tuluy pupus. Seug dikurebkeun di makam karajaan, diceungceurikan ku sakabeh urang Yuda jeung urang Yerusalem.

²⁵ Nabi Yermia ngadangding hiji kidung anu ngagambarkeun kasungkawaanana katilar ku Raja Yosia. Eta kidung jadi biasa sok dilagu keun di Israil, ku awewe ku lalaki ana pareng maranehna keur kasuat-suat ku anjeunna. Eta kidung aya dina kumpulan kidung-kidung kanalangsaan.

²⁶Sagala rupa anu dipidamel ku Yosia, hal bumaktina ka PANGERAN, hal pengkuhna kana Hukum PANGERAN

²⁷jeung riwayat anjeunna ti awal nepi ka ahir, kaungel dina Kitab Babad Raja-raja Israil jeung Yuda.

36 ¹Urang Yuda milih Yoahas putra Yosia, dilisahan jadi raja di Yerusalem.

²Yoahas mimiti jadi raja Yuda dina yuswa dua puluh tilu taun, calikna di Yerusalem, ngarajaanana tilu bulan.

³Anjeunna diboyong ka Mesir ku Raja Neko, sarta nagara Yuda ku eta raja dikudukeun mayar upeti 3.400 kilo perak jeung tilu puluh opat kilo emas.

⁴Neko ngangkat Elyakim saderek Yoahas jadi raja Yuda, sarta jenenganana diganti jadi Yoyakim. Ari Yoahas mah diboyong ku Neko ka Mesir.

⁵Yoyakim mimiti jadi raja Yuda dina yuswa dua puluh lima taun. Ngarajaanana sawelas taun, calikna di Yerusalem. Anjeunna midamel dosa ka PANGERAN Allahna.

⁶Hiji mangsa Yuda dirurug ku Raja Nebukadnesar ti nagara Babul. Yoyakim ditangkep, dirante terus diboyong ka Babul.

⁷Rajabrama eusi Bait Allah oge aya anu dijabel ku Nebukadnesar, dijadikeun eusi karatonna di Babul.

⁸Sagala rupa anu dipidamel ku Yoyakim, kitu deui hal kadorakaan jeung kajahatanana

anu pikagirukeun, kaungel dina Kitab Babad Raja-raja Israil jeung Yuda. Yoyakin, putrana, jadi raja gegentosna.

⁹Yoyakin mimiti jumeneng raja Yuda dina yuswa dalapan welas taun. Ngarajaanana tilu bulan sapuluh poe, calikna di Yerusalem. Anjeunna oge midamel dosa ka PANGERAN.

¹⁰Dina hiji musim sumping Nebukadnesar ngaboyong Yoyakin ka Babul, sarta bari ngajabel rajabrana eusi Bait Allah. Raja Nebukadnesar ngangkat Sidkia kapiramana Yoyakin, jadi raja Yuda jeung Yerusalem.

¹¹Sidkia mimiti jumeneng raja Yuda dina yuswa dua puluh hiji taun. Ngarajaanana sawelas taun, calikna di Yerusalem.

¹²Anjeunna midamel dosa ka PANGERAN, bujeng-bujeng rumaos waktu diunjukanan ku Nabi Yermia anu ngunjukkeun timbalan PANGERAN, teu kersa malire-malire acan.

¹³Raja Nebukadnesar geus maksa Sidkia sina sumpah demi Allah yen baris satia ka eta raja. Tapi saterusna Sidkia baha, ngalawan ka Nebukadnesar. Sarta Sidkia tetep neugtreug teu kersaeun tobat ka PANGERAN, Allah Israil.

¹⁴Turug-turug para pamingpin Yuda, para imam jeung sakumna rahayat, lampahna teh narurutan kadorakaan bangsa-bangsa anu araya di sakurilingeunana, nyarembah ka arca-arca, jadi maranehna teh nganistakeun Bait Allah anu geus disucikeun ku PANGERAN ku manten.

¹⁵ Ari PANGERAN, Allah karuhunna masih keneh ngutus nabi-nabi sina ngageuing umat-Na, reh hoyong nyalametkeun ka maranehna kitu deui ka Bait Allah.

¹⁶ Tapi eta utusan-utusan Allah teh anggur pada ngageuhgeuykeun, pangandika-pangandika Mantenna henteu digugu, nabi-nabi Mantenna disaleungseurikeun. Bendu PANGERAN ka umat-Na geus teu kaampeuh.

¹⁷ Mantenna tuluy ngadatangkeun raja Babul ngagempur ka maranehna. Barudak ngora urang Yuda, najan nu aya di Bait Allah, diparaahan. Ka nu kolot ka nu ngora, ka lalaki ka awewe, ka nu cageur ka nu gering, eta raja teu aya pisan rasrasanana. Urang dinya ku PANGERAN geus diserenkeun ka anjeunna.

¹⁸ Bait Allah ku raja Babul diranjah. Rajabranana kitu deui harta banda raja jeung ponggawa-ponggawa dijarah terus diakut ka Babul.

¹⁹ Bait Allah jeung kota dihuru, jeung karaton-karatonna katut barang-barangna anu aralus. Kuta-kuta dirugrugkeun.

²⁰ Jalma-jalma anu teu katumpes ku Nebukadnesar diakut ka Babul, dijieun abid-abid purah ngawulaan anjeunna jeung turunan anjeunna nepi ka mangsa ngadegna karajaan Persia.

²¹ Geus tinekanan sakumaha timbalan PANGERAN ku jalan Nabi Yermia anu ungelna,

"Tujuh puluh taun ieu tanah bakal suwung,
sina ngarasa reureuhna Sabat anu geus tara
digarumatikeun."

²²Dina taun kahiji pamarentahan Kores,
raja Persia, PANGERAN ngabuktoskeun
pangandika anu diandikakeun ku jalan Nabi
Yermia tea. Mantenna ngusikkeun manah
Kores, sangkan Kores ngaluarkeun parentah
tinulis, anu dibacakeun tarik di sakuliah
karajaanana. Ungelna:

²³"Ieu parentah Kores, raja agung Persia.
PANGERAN, Allah sawarga, ngangkat
kami jadi raja, marentah saalam dunya.
Ku Mantenna geus dikawasakeun pikeun
ngawangun hiji gedong suci keur salira-Na
di Yerusalem, tanah Yuda. Maraneh kabeh
anu jadi umat Allah, dijurung laku ka daritu.
Bral, mugia disareangan ku PANGERAN Allah
maraneh."

Ezra

1 ¹Dina taun kahiji jaman Kores jadi raja Persia, PANGERAN ngabuktoskeun pangandika-Na anu ditepikeun ku Nabi Yermia. Mantenna ngagerakkeun manah Kores, sangkan ngaluarkeun parentah. Seug eta parentah ditulis, diumumkeun di sakuliah karajaan. Unina:

²"Ieu parentah Kores, raja nagara Persia. PANGERAN, Allah satungkebing langit, ngersakeun kami nyekel parentah ka sakuliah dunya. Kami ku Mantenna dipaparin tanggung jawab kudu ngadegkeun hiji Bait haturan Mantenna di Yerusalem, wewengkon Yuda.

³Mugia Allah nyarengan ka maraneh umat-Na. Maraneh kudu baralik ka Yerusalem, kudu ngadegkeun deui Bait PANGERAN Allahna Israil, Allah anu dibakti di Yerusalem.

⁴Saha-saha umat Mantenna di pangbuangan butuh ku pitulung rek marulang, tatangga-tatanggana kudu ngabantu, ngabahanan perak jeung emas, bahan dahareun jeung sato-sato momot, kitu deui barang-barang pikeun baktikeuneun ka Bait Allah di Yerusalem."

⁵Seug kapala-kapala warga kaom Yuda jeung kaom Binyamin, para imam jeung kaom Lewi, jeung sakur anu hatena digerakkeun

ku Allah, sasadiaan arek marulang, rek ngadegkeun deui Bait Allah di Yerusalem.

⁶Tatangga-tatanggana ngabarantu, ngabahanan rupa-rupa paparabotan perak, emas, bahan dahareun, sato-sato momot, paparabotan lianna anu marahal, kitu deui barang-barang baktikeuneun ka Bait Allah.

⁷Kores masrahkeun deui bokor-bokor jeung gelas-gelas anu ku Raja Nebukadnesar kungsi dijabel ti jero Bait Allah di Yerusalem dipake ngeusian pura dewa-dewana.

⁸Dipasrahkeunana ku Kores ka Mitredat, bendahara karaton, anu nyatetkeun barang-barang anu rek dipulangkeun ka Sesbasar, gupernur di Yuda.

⁹(1: 9-10) Ieu daptarna: 30 bokor emas wadah pangbakti; 1.000 bokor perak wadah pangbakti; 29 bokor lianna; 30 pinggan emas; 410 pinggan perak; 1.000 paparabotan lianna.

¹⁰(1: 9)

¹¹Bokor-bokor emas jeung bokor-bokor perak jumlahna 5.400, katut paparabotan lianna anu dicandak ku Sesbasar waktu anjeunna jeung boyongan lianna mulang ti Babul ka Yerusalem.

2¹Anu arindit ti propinsi Babul teh kacida lobana, marulang ka Yerusalem jeung Yuda, ka kota asalna masing-masing. Harirupna di pangbuangan di Babul teh ti jaman ditawan ku Raja Nebukadnesar.

²Marulangna dipingpin ku Serubabel, Yesua, Nehemia, Seraya, Rilaya, Mordekai, Bilsan, Mispar, Bigwai, Rehum jeung Baana. Ieu daptar golongan-golongan urang Israil jeung jumlah tiap-tiap golonganana pangbuangan:

³(2: 3-20) Golongan Paros aya 2.172. Golongan Sepaca aya 372. Golongan Arah aya 775. Golongan Pahat Moab (turunan Yesua jeung Yoab) aya 2.812. Golongan Elam aya 1.254. Golongan Satu aya 945. Golongan Sakai aya 760. Golongan Bani aya 642. Golongan Bebai aya 623. Golongan Asgad aya 1.222. Golongan Adonikam aya 666. Golongan Bigwai aya 2.056. Golongan Adin aya 454. Golongan Ater (anu katelah Hiskia) aya 98. Golongan Besai aya 323. Golongan Yora aya 112. Golongan Hashum aya 223. Golongan Gibar aya 95.

⁴(2: 3)

⁵(2: 3)

⁶(2: 3)

⁷(2: 3)

⁸(2: 3)

⁹(2: 3)

¹⁰(2: 3)

¹¹(2: 3)

¹²(2: 3)

¹³(2: 3)

¹⁴(2: 3)

¹⁵(2: 3)

¹⁶(2: 3)

17 (2: 3)

18 (2: 3)

19 (2: 3)

20 (2: 3)

21 (2: 21-35) Daptar anu marulang ka tempat-tempat urut karuhunna: Urang Betlehem aya 123. Urang Netopa aya 56. Urang Anatot aya 128. Urang Asmawet aya 42. Urang Kiryat Yarim, Kepira jeung Berot aya 743. Urang Ramah jeung Geba aya 621. Urang Mikmas aya 122. Urang Betel jeung Ai aya 223. Urang Nebo aya 52. Urang Elam lianna aya 1.254. Urang Magbis aya 156. Urang Harim aya 320. Urang Lod, Hadid jeung Ono aya 725. Urang Yeriho aya 345. Urang Senaa aya 3.630.

22 (2: 21)

23 (2: 21)

24 (2: 21)

25 (2: 21)

26 (2: 21)

27 (2: 21)

28 (2: 21)

29 (2: 21)

30 (2: 21)

31 (2: 21)

32 (2: 21)

33 (2: 21)

34 (2: 21)

35 (2: 21)

³⁶ (2: 36-39) Nya ieu golongan-golongan para imam anu marulang ti pangbuangan: Golongan Yedaya (turunan Yesua) aya 973. Golongan Imer aya 1.052. Golongan Pashur aya 1.247. Golongan Harim aya 1.017.

³⁷ (2: 36)

³⁸ (2: 36)

³⁹ (2: 36)

⁴⁰ (2: 40-42) Nya ieu golongan-golongan urang Lewi anu marulang ti pangbuangan: Golongan Yesua jeung Kadmiel (turunan Hodawia) aya 74. Pamaen musik di Bait Allah (turunan Asap) aya 128. Tukang ngajaga Bait Allah (turunan Salum, Ater, Talmon, Akub, Hatita jeung Sobai) aya 139.

⁴¹ (2: 40)

⁴² (2: 40)

⁴³ (2: 43-54) Golongan-golongan para pagawe Bait Allah anu marulang ti pangbuangan nya eta: Golongan Siha, golongan Hasupa, golongan Tabaot. Golongan Keros, golongan Siaha, golongan Padon. Golongan Lebana, golongan Hagaba, golongan Akub. Golongan Hagab, golongan Samlai, golongan Hanan. Golongan Gidel, golongan Gahar, golongan Raya. Golongan Resin, golongan Nekoda, golongan Gasam. Golongan Usa, golongan Paseyah, golongan Besai. Golongan Asna, golongan Mehunim, golongan Nepusim. Golongan Bakbuk, golongan Hakupa, golongan Harhur. Golongan

Baslut, golongan Mehida, golongan Harsa. Golongan Barkos, golongan Sisera, golongan Temah. Golongan Nesiah jeung golongan Hatipa.

⁴⁴ (2: 43)

⁴⁵ (2: 43)

⁴⁶ (2: 43)

⁴⁷ (2: 43)

⁴⁸ (2: 43)

⁴⁹ (2: 43)

⁵⁰ (2: 43)

⁵¹ (2: 43)

⁵² (2: 43)

⁵³ (2: 43)

⁵⁴ (2: 43)

⁵⁵ (2: 55-57) Ieu golongan-golongan gandek-gandek Suleman anu marulang ti pangbuangan: Golongan Sotai, golongan Hasoperet, golongan Peruda. Golongan Yaala, golongan Darkon, golongan Gidel. Golongan Sepaca, golongan Hatil, golongan Pokeret, golongan Hasebaim jeung golongan Ami.

⁵⁶ (2: 55)

⁵⁷ (2: 55)

⁵⁸ Jumlah turunan pagawe-pagawe Bait Allah jeung gandek-gandek Suleman anu marulang ti pangbuangan aya 392.

⁵⁹ (2: 59-60) Aya 652 anu kaasup ka golongan-golongan Delaya, golongan Tobia, jeung golongan Nekoda anu marulang ti tempat-tempat: Tel Mela, Tel Harsa, Kerub,

Adan jeung Imer; tapi ngeunaan maranehna henteu aya keterangan anu tetela yen kaasup ka urang Israil.

⁶⁰ (2: 59)

⁶¹ (2: 61-62) Di antara golongan-golongan imam anu henteu bisaun ngabuktikeun karuhunna, nya eta: golongan Habaya, golongan Hakos jeung golongan Barsilai. (Karuhan golongan Barsilai nikahna ka hiji awewe anakna Barsilai ti Gilad, terus make ngaran golongan mitohana.) Ku sabab teu barisa nembungkeun surat-surat lahirna, maranehna dicoret tina kaimamanana.

⁶² (2: 61)

⁶³ Ku gupernur Yahudi diputuskeun yen maranehna mah teu aya hak ngadahar tina kurban suci samemeh aya imam anu ngadeg nyekel Urim jeung Tumim.

⁶⁴ (2: 64-67) Jumlah anu marulang ti pangbuangan aya 42.360 urang. Gandek-gandek lalaki jeung awewe aya 7.337. Pamaen musik, lalaki jeung awewe aya 200. Kuda 736. Bigal 245. Onta 435. Kalde 6.720.

⁶⁵ (2: 64)

⁶⁶ (2: 64)

⁶⁷ (2: 64)

⁶⁸ Sanggeus daratang ka Bait Allah di Yerusalem, kapala-kapala golongan teh lobu anu suka rela mere pangbakti pikeun ongkos ngadegkeun deui Bait Allah dina urutna.

⁶⁹ Maranehna sakuat-kuat nyumbang ngabantu sangkan Bait Allah bisa ngadeg. Jumlah sumbangan kabehna: emas 500 kilo, perak 2.800 kilo, pakean imam 100.

⁷⁰ Ari para imam, urang Lewi, jeung sabagian rahayat caricingna di Yerusalem jeung di tempat-tempat anu dareukeut ka dinya. Para pamaen musik, tukang ngajaga Bait Allah jeung pagawe-pagawe Bait Allah caricingna di tempat-tempat anu dareukeut ka Yerusalem. Urang Israil lianna maratuhna di tempat-tempat urut pamatuhan karuhunna masing-masing.

3 ¹Dina bulan katujuh sanggeus urang Israil kabeh merenah di tempatna masing-masing, tuluy kumpul di Yerusalem.

² Seug Yesua bin Yosadak sakancana para imam, Serubabel bin Sealtiel jeung wargina, ngadegkeun altar pikeun Allahna Israil, paranti ngaduruk kurban-kurban anu kaungel dina Hukum Musa utusan Allah.

³ Saenyana eta anu kakara marulang ti pangbuangan teh ngarasa risi ku pangeusi tanah eta, tapi altar teh teu burung diadegkeun dina urutna keneh. Kurban-kurban anu biasa dilampahkeun saban isuk jeung sore teh dijalankeun deui.

⁴ Pesta Saung Daun diayakeun deui nurutkeun aturanana, kitu oge kurban-kurban sapopoena.

⁵Dipepekan ku kurban-kurban anu kudu diduruk belegeran dina Pesta Bulan Anyar sarta kumpulan-kumpulan ibadah bari derma suka rela haturkeuneun ka PANGERAN.

⁶Sanajan maranehna tacan prak ngadegkeun deui Bait Allah, tapi dina tanggal hiji bulan katujuh geus mimiti ngaduruk kurban-kurban pikeun PANGERAN.

⁷Tuluy maranehna ngumpulkeun duit, nyararumbang pikeun mayar tukang-tukang batu jeung tukang-tukang kayu. Ngumpulkeun bahan dahareun, inuman jeung minyak jetun, kirimkeuneun ka Tirus jeung Sidon geusan ditukeurkeun kana kai kiputri ti Libanon sarta kaina ti ditu dikirimkeun ka Yopa make jalan laut. Eta kabeh kalawan paidin Kores, raja Persia.

⁸Dina bulan kadua taun kadua ti sabada daratang ka Yerusalem, urang Israil ngamimitian ngadegkeun deui Bait Allah. Serubabel, Yosua jeung batur-baturna anu sabangsa, urang Lewi, para imam, cindekna sakur urut boyongan, kabeh marilu digawe ngadegkeun. Jalma-jalma urang Lewi anu umurna dua puluh taun ka luhur dititah ngawaskeun eta pagawean.

⁹Ari Yesua, urang Lewi tea, jeung anak-anakna jeung duduluranana, kitu deui Kadmiel jeung anak-anakna (kaom Hodawia), milu ngawas, dibantu ku urang Lewi ti kaom Henadad.

¹⁰Dina rek degna masang pademen Bait Allah, para imam darangdan pakean kaimaman, seug ngaradeg nyarikep tarompet, bareng jeung kaom Lewi golongan Asap anu nyekel kekecrek. Tuluy maruji ka PANGERAN nurutkeun aturan jaman Raja Daud.

¹¹Maranehna nganyanyikeun lagu paranti ngagungkeun PANGERAN, sarta bagian ulanganana dipindo, kieu: "PANGERAN teh mulya manah, langgeng asih ka Israil." Ger surak maratan jagat ngamulyakeun ka PANGERAN, muji sukur rehna pademen Bait Allah geus bisa mimiti dipasang.

¹²Imam-imam anu geus sarepuh, jalma-jalma urang Lewi, jeung para pamingpin golongan anu geus kungsi naringal Bait Allah anu ti heula, naringali pademen Bait Allah anu ayeuna mimiti dipasang teh loba anu nepi ka careurik jeung midangdam.

¹³Sora nu ceurik jeung nu surak geus teu bisa dibedakeun. Sora nu surak ayeuh-ayeuhan campur jeung sora nu ceurik pating jarerit, kadenge nepi ka jauhna.

4 ¹Musuh-musuh urang Yuda jeung Binyamin geus mareunang beja, yen anu marulang ti pangbuangan teh keur ngadegkeun deui Bait Allah, Allahna Israil.

²Tuluy narepungan ka Serubabel jeung ka kapala-kapala kaom, pok ngaromong, "Kuring rek milu digawe mantuan ngadegkeun Bait Allah. Kuring oge ngabakti teh ka

Allah anu ku aranjeun disembah. Ti barang diinditkeun ku Esar Hadon raja Asur marukim di tanah ieu, kuring geus biasa nyanggakeun kurban-kurban ka Allah."

³ Diwalon ku Serubabel, Yesua jeung kapala-kapala kaom, "Pikeun ngawangun hiji gedong pikeun PANGERAN Allah kuring, kuring nu perlu dibantuan ku aranjeun, rek ku sorangan bae, sakumaha timbalan Kores raja Persia."

⁴ Seug jelema-jelema urang dinya teh nyingsieunan ka urang Yahudi, ngarerentag sangkan eta gedong ulah jadi.

⁵ Malah nyarogok ka gegeden-gegeden pamarentah Persia sangkan ngalahang-halang. Kitu bae kaayaanana sapanjang Kores jumeneng raja nepi ka digentosna ku Darius.

⁶ Keur mangsa Ahasweros anyaran jumeneng raja, eta musuh nyuratan ka raja, ngagogoreng urang Yahudi di Yuda jeung di Yerusalem.

⁷ Ari keur mangsa Artahsasta jumeneng raja Persia, anu ngirim surat ka raja teh Bislam, Mitredat, Tabeel sapara kanca. Suratna make basa Aram, lamun rek dibaca kudu disalin heula.

⁸ Oge Gubernur Rehum jeung Simsai sekretaris propinsi, ngirim surat ka Artahsasta tina hal kaayaan Yerusalem, suratna kieu:

⁹"Serat abdi Gusti pun Rehum, gubernur, pun Simsai, sekretaris propinsi sapara kanca, para hakim sareng gegeden-gegeden anu kawit ti Ereh, Babul, ti Susan tanah Elam,

¹⁰sareng ti bangsa-bangsa sanesna anu ku Asur Banipal anu agung tur kawasa dialihkeun ka Samaria sareng ka tempat-tempat di Eprat Kulon."

¹¹Eusina: "Kaunjuk hing pangersa Raja Artahsasta, ti abdi-abdi di Eprat Kulon.

¹²Unjuk uninga, bangsa Yahudi anu marulang ti jajahan Gusti anu sanesna deui, parantos maratuh di Yerusalem. Ayeuna nuju ngadegkeun deui kota anu kapungkur kaceluk jahat sareng bantahan. Parantos ngawitan ngadegkeun kuta-kutana, moal lami deui oge parantos.

¹³Kangjeng Raja, upami eta kota ngadeg deui sareng kuta-kutana parantos jadi, maranehna moal daek malayar pajeg, matak rugel ka salira Gusti.

¹⁴Sarehing abdi-abdi teh kumawula ka salira, moal rido ningal kajadian saripi kitu. Kitu purwana kumawantun ngunjukkeun ieu pirempag.

¹⁵Mugi Jeng Raja nimbalan marios serat-serat titilar karuhun. Tangtos ku Gusti baris kauninga yen eta kota teh tukang barontak. Ti jaman karuhun-karuhunna keneh eta teh mung wungkul nyerahkeun raja-raja sareng

para gupernur. Rahayatna sesah diatur. Kitu margina eta kota kapungkur dibasmi.

¹⁶ Abdi-abdi yakin saupami eta kota ngadeg deui sareng kuta-kutana parantos jadi, tangtos propinsi-propinsi di Eprat Kulon leupas ti panalingaan Jeng Raja."

¹⁷ Serat waleran ti raja: "Salam, Surat kami ka gupernur Rehum, ka Simsai, sekretaris propinsi jeung kanca-kancana nu marukim di Samaria jeung Eprat Kulon.

¹⁸ Surat maraneh geus disalin sarta dibacakeun ka kami.

¹⁹ Kami geus marentahkeun mariksa surat-surat tittinggal. Memang bener, ti baheulana keneh Yerusalem sok barontak bae ngalawan kana kakawasaan, pinuh ku jelema-jelema tukang rusuh, tukang nyieun kaributan.

²⁰ Raja-raja anu nyarekel kawasa marentah sakuliah jajahan Eprat Kulon, geus biasa narik pajeg jeung upeti.

²¹ Ku sabab eta maraneh kudu ngaluuarkeun parentah, yen eta kota teu meunang diteruskeun, nepi ka aya parentah deui ti kami.

²² Gancang jalankeun, sangkan kapentingan kami ulah kaancam."

²³ Satarimana eta serat ti Artahsasta, Rehum, Simsai jeung sakancana buru-buru ka Yerusalem, ngalarang ka urang Yahudi neruskeun nyieun eta kota.

²⁴ Bait Allah geus teu dipigawe deui, katunda nepi ka taun kadua Darius jumeneng raja di nagara Persia.

5 ¹ Mangsa eta aya dua nabi, Hagai jeung Jakaria bin Ido. Kalayan pajenengan Allah Israil, aranjeunna mimiti ngageuing ka urang Yahudi anu di Yuda jeung di Yerusalem.

² Sanggeus panggeuingna kadangu ku Serubabel bin Sealtiel jeung ku Yosua bin Yosadak, prak bae aranjeunna mimiti deui ngagarap Bait Allah di Yerusalem, dibantu ku dua nabi tea.

³ Meh bareng harita keneh, Gubernur Tatenati Eprat Kulon, Setar Bosnai katut para gegeden kancana, sarumping ka Yerusalem, mariksakeun, "Saha nu ngidinan ngadegkeun deui ieu Bait Allah sakieu lengkepna?"

⁴ Saterusna aranjeunna mariksakeun ngaran-ngaran anu marilu migawe eta Bait Allah.

⁵ Tapi Allah merhatoskeun sarta nangtayungan ka eta para pamingpin urang Yahudi, nepi ka eta para pajabat Persia teh mutus moal waka kua-kieu, rek ngirim surat heula ka Raja Darius sarta ngadago waleranana.

⁶ Eusi seratna kieu:

⁷ "Kaunjuk hing pangersa Raja Darius. Mugi Kangjeng Raja wilujeng.

⁸ Unjuk uninga ka Kangjeng Raja, nalika abdi-abdi mariksa ka propinsi Yuda, eta Bait

Allah kanggo Allah Nu Maha Agung tea nuju diawitan dipidamel deui. Tembokna tina geblegan-geblegan batu arageung sareng balok-balok kai, dipidamelna kalayan suhud, taliti ati-ati tur lulus-mulus.

⁹Pamingpinna dipariksa, saha anu ngidinan eta Bait Allah diwangun deui tur sakitu lengkepna.

¹⁰Ngaran-ngaran pamingpinna anu ngaluluguan eta padamelan oge dipariksa, supados kauninga ku Kangjeng Raja.

¹¹Dipi wangsulanana kieu, Sim kuring teh abdi-abdi Allah anu ngadamel langit sareng bumi. Ieu anu nuju diadegkeun deui teh Bait Allah anu kapungkur kantos aya di dieu, lengkep sapuratina, kenging ngadegkeun hiji raja Israil anu kawasa.

¹²Nanging karuhun sim kuring aya kalepatan ka Allah sakumna langit dugi ka dibenduan, lajeng diselehkeun ka Raja Nebukadnesar ti Babul, raja turunan urang Kasdim. Bait Allah dibasmi, rahayat ditawan, diboyong ka Babul.

¹³Dipi dina taun kahiji saparantos Raja Kores ngarajaan di Babul, Sang Raja ngaluarkeun timbalan supados Bait Allah teh diadegkeun deui.

¹⁴Paparabotan Bait Allah tina emas sareng perak anu dijabel ku Raja Nebukadnesar sareng disimpen di kuil di Babul, ku Raja Kores diserenkeun deui ka Sesbasar, anu ku Sang Raja diangkat jadi gupernur Yuda.

¹⁵Raja nimbalan ka anjeunna, supados eta paparabotan teh diwangsulkeun ka Bait Allah di Yerusalem, sareng Bait Allah teh dipiwarang diadegkeun deui dina urutna kapungkur.

¹⁶Lajeng Sesbasar sumping masang pademenna. Rarangkana parantos diawitan ti harita dugi ka ayeuna, nanging teu acan rengse keneh.

¹⁷Mugi Kangjeng Raja kersa marios serat-serat karajaan, kangge milari buktos, yaktos henteuna Raja Kores nimbalan ngadegkeun deui eta Bait Allah di Yerusalem. Salajengna abdi-abdi ngantos timbalan kumaha putusan Kangjeng Raja tina ieu perkawis."

6 ¹Raja Darius miwarang mariksa surat-surat karajaan anu disimpel di Babul.

²Tapi surat anu dipilarian teh kapendakna di Ekbatana, kota propinsi Madayin, nya eta hiji gulungan anu eusina catetan, unina:

³"Dina taun kahiji ngasta parentah, Raja Kores nimbalan sangkan Bait Allah di Yerusalem diadegkeun deui, pikeun ngajalankeun kurban-kurban jeung kurban anu diduruk. Eta Bait Allah luhurna kudu 27 meter, rubakna oge 27 meter.

⁴Lapisan tembokanana kudu diatur tiap-tiap tilu lapis batu diselang ku salapis kai. Sagala ongkos-ongkosna baris dibayar tina panghasilan nagara.

⁵ Paparabotan emas jeung perak ti Bait Allah di Yerusalem anu ku Raja Nebukadnesar dibawa ka Babul, kudu dipulangkeun ka asalna."

⁶ Darius ngadamel serat waleran. Unina: "Kahatur Tatenai, gupernur Eprat Kulon, Setar Bosnai sapara kanca gegeden Eprat Kulon. Maraneh ulah deukeut-deukeut ka eta Bait Allah,

⁷ sarta pangwangunana ulah dihalang-halang. Ingkeun gupernur Yuda jeung para kokolot urang Yahudi sina ngadegkeun deui eta Bait Allah dina urutna bareto.

⁸ Sarta reujeung ieu kami marentah maraneh kudu ngabantu ngarajong eta pagawean. Sagala ongkosna ku maraneh kudu dibayar tina dana karajaan, tina tarikan pajeg di daerah-daerah Eprat Kulon, sangkan eta pagawean ulah katunda.

⁹ Teu meunang henteu, saban poe maraneh kudu nedunan pamenta imam-imam di Yerusalem, kayaning: anak sapi, domba, anak domba, kurban durukeun haturan Allah sakumna langit, tarigu, uyah, anggur, minyak jetun.

¹⁰ Kudu cumpon sangkan maranehna bisa nyanggakeun kurban ka Allah sakumna langit sakumaha layakna, sarta mangnedakeun berkah Allah pikeun kami jeung putra-putra kami.

¹¹ Saterusna parentah kami: Sing saha anu mungpang kana ieu parentah, kudu dipanggang awakna sing parat ku kai tina tihang imahna, beunang nyeukeutan, sarta imahna kudu dirubuhkeun dijieun tumpukan runtah.

¹² Mugia Allah, anu geus milih Yerusalem jadi tempat pikeun ngabakti ka salira-Na, nyingkahkeun raja-raja, atawa bangsa, anu ngalawan kana ieu parentah kami, atawa anu nyoba ngaruksak eta Bait Allah. Kami, Darius, anu ngaluarkeun ieu parentah. Jalankeun kabeh ieu parentah kami."

¹³ Sakumaha parentah raja tea, ku Gubernur Tatenai jeung Setar Bosnai sakanca-kanca gegeden, dijalankeun enya-enya.

¹⁴ Bait Allah dipigawena kacida lancarna, diluluguan ku para kokolot urang Yahudi, kalawan pangdorong Nabi Hagai jeung Nabi Jakaria. Bait Allah geus anggeus, saluyu jeung timbalan Allah Israil, saluyu jeung parentah raja-raja Persia, Kores, Darius jeung Artahsasta.

¹⁵ Bait Allah teh anggeusna dina tanggal tilu bulan Adar, taun anu kagenep pamarentahan Raja Darius.

¹⁶ Urang Israil, nya eta para imam, kaom Lewi jeung sakabeh anu marulang ti pangbuangan, pohara ngarasa bungahna. Seug eta Bait Allah teh diistrenan.

¹⁷ Dina waktu ngistrenan, maranehna nyanggakeun 100 sapi jalu, 200 domba jalu, 400 anak domba jalu, dikurbankeun jeung 12 embe jalu anu dipake kurban keur nebus dosa, hiji embe pikeun tia-tiap kaom Israil.

¹⁸ Geus kitu ngatur para imam jeung kaom Lewi anu kudu ngalalayanan di Bait Allah di Yerusalem, saluyu jeung katangtuan anu aya dina Kitab Musa.

¹⁹ Dina tanggal 14 bulan kahiji taun hareupna, eta anu marulang ti pangbuangan teh ngalampahkeun Pesta Paska.

²⁰ Sakabeh imam jeung kaom Lewi nyucikeun diri kalawan upacarana. Kaom Lewi meuncitan sato pikeun kurban-kurban Paska, pikeun dulur-dulurna anu geus marulang, pikeun para imam, jeung pikeun maranehna pribadi.

²¹ Sato-sato anu geus dikurbankeun teh didalahar ku sakabeh urang Israil anu marulang ti pangbuangan, oge ku jelema-jelema urang tanah eta anu geus naringgalkeun adat kapirna, anu daratang marilu ngabakti ka GUSTI Allahna Israil.

²² Tujuh poe lilana maranehna mestakeun Pesta Roti Teu Diragi. Kacida barungaheunana reh PANGERAN geus ngalangsarkeun manah raja Asur ka maranehna, nepi ka kersa ngabantu pagaweanana ngawangun deui Bait Allah pikeun Allah Israil.

7 ¹ Heuleut mangtaun-taun ti harita, sanggeus Artahsasta jadi raja Persia, aya hiji jelema jenenganana Esra. Anjeunna turunan Harun, Imam Agung tea. Jujutan ka dituna kieu: Esra putra Seraya. Seraya putra Asarya. Asarya putra Hilkia.

² Hilkia putra Salum. Salum putra Sadok. Sadok putra Ahitub.

³ Ahitub putra Amarya. Amarya putra Asarya. Asarya putra Merayot.

⁴ Merayot putra Serahya. Serahya putra Usi. Usi putra Buki.

⁵ Buki putra Abisua. Abisua putra Pinehas. Pinehas putra Elasar. Elasar putra Harun.

⁶ (7: 6-7) Esra rea kauningana tina hal papakon PANGERAN, Allah Israil, anu ku Mantenna dipaparinkeun ka Musa tea. Ku berkahing PANGERAN Allahna, sapanuhun anjeunna ka raja, ku raja dikabul. Dina taun anu katujuh pamarentahan Raja Artahsasta, Esra ngantunkeun Babul, mulih ka Yerusalem jeung hiji rombongan urang Israil, di antarana aya imam-imam, kaom Lewi, tukang mamaos, tukang jaga Bait Allah jeung tukang digarawe di Bait Allah.

⁷ (7: 6)

⁸ (7: 8-9) Angkatna ti Babul tanggal hiji bulan kahiji, sarta kalawan pangjaring Allah, dina tanggal hiji bulan lima anjeunna geus sumping ka Yerusalem.

⁹ (7: 8)

¹⁰ Manahna geus gilig seja ngulik jeung ngalakonan Hukum PANGERAN, sarta seja ngajarkerun eta hukum-hukum jeung katangtuan-katangtuanana ka urang Israil.

¹¹ Raja Artahsasta maparinkeun hiji piagam ka Esra, imam tur ahli Hukum, anu pepek kauningana tina sual hukum-hukum katut timbalan-timbalan anu ku PANGERAN dipaparinkeun ka urang Israil. Eta piagam eusina kieu:

¹² "Surat kami Artahsasta, raja sagala raja. Kahatur Imam Esra, ahli Hukum Allah sakumna langit.

¹³ Kami marentahkeun: Urang Israil nu aya di sakuliah karajaan kami, imam-imam, jeung kaom Lewi, anu harayang mulang ka Yerusalem, ku kami diidinan marulang milu jeung maneh.

¹⁴ Kami jeung anggota dewan pertimbangan tujuhan, ngutus maneh ka Yerusalem jeung Yuda pikeun ngadongdon hal Hukum Allah maneh anu ku Mantenna dipercayakeun ka maneh, ditarurut henteuna di ditu.

¹⁵ Bawa ku maneh emas jeung perak ti kami jeung ti anggota-anggota dewan pertimbangan, ku kami dibaktikeun ka Allah Israil anu Bait-Na di Yerusalem.

¹⁶ Oge perak jeung emas beunang maneh ngumpulkeun ti sakuliah Babul, katut sumbangan-sumbangan pangbakti ti urang

Israil, ti imam-imamna, anu disumbangkeun pikeun Bait Allah, Allahna di Yerusalem.

¹⁷ Duit balanjakeun masing ati-ati, beulikeun sapi, domba, anak domba, tarigu jeung anggur, kurbankeuneun dina altar Bait Allah di Yerusalem.

¹⁸ Perak jeung emas anu sesana, pake kana naon bae hadena ceuk pangrasa maneh jeung dulur-dulur, asal cocog jeung pangersa Allah maraneh.

¹⁹ Paparabotan anu dipasrahkeun ka maneh pikeun kaperluan Bait Allah, baktikeun ka Allah.

²⁰ Naon-naon anu dipikabutuh pikeun Bait Allah, baris dicumponan tina dana karajaan.

²¹ Ka sakabeh bendahara nagara di wewengkon Eprat Kulon kami mere parentah, sangkan sagala kaperluan anu baris disodorkeun ku Imam Esra anu ahli dina Hukum Allah sakumna langit, kudu gancang dicumponan.

²² Kami ngawidian ngaluarkeun dana: perak nepi ka wates 3.400 kilo, tarigu wates 10.000 kilo, anggur 2.000 liter, minyak jetun wates 2.000 liter jeung uyah sakumaha bae perluna.

²³ Naon bae anu dipundut ku Allah sakumna langit pikeun kaperluan Bait-Na ku maraneh kudu dicumponan masing tigin, sangkan Mantenna henteu ngabenduan ka kami atawa ka raja-raja gaganti kami ka hareup.

²⁴ Maraneh ku kami dilarang narik pajeg ti imam-imam, ti kaom Lewi, ti tukang mamaos, ti tukang-tukang jaga Bait Allah, ti pagawe-pagawe Bait Allah, atawa ti saha bae anu aya patalina jeung urusan kaperluan Bait Allah.

²⁵ Ari maneh, Esra, anu boga hikmah ti Allah, maneh kalawan make eta hikmah kudu ngajenengkeun pamong-pamong praja jeung hakim-hakim, pikeun ngatur rahayat di wewengkon Eprat Kulon anu ngalampahkeun Hukum Allah maneh. Rahayat anu acan nyaho kana eta Hukum, ajar ku maneh.

²⁶ Sing saha anu baha kana timbalan-timbalan Allah maneh, atawa kana undang-undang karajaan, kudu buru-buru dikeunaan hukuman, dipaehan, atawa dibuang, atawa dijabel kakayaanana atawa dibui."

²⁷ Seug Esra sasauran, "Sagala puji ka PANGERAN, Allahna karuhun. Ku karana pangersa Gusti, Raja jadi sakitu ngajenanana ka Bait PANGERAN di Yerusalem.

²⁸ Nun Allah, ku karana sih kurnia Gusti, Raja sareng dewan pertimbanganana katut para gegedenna anu kawasa, jadi pohara heman asihna ka abdi. Nun PANGERAN Allah panutan, jisim abdi ku Gusti parantos dipaparin wawanen dugi ka tiasa ngajak mulang kapala-kapala kaom Israil."

8¹ Para pamingpin golongan-golongan anu bareng marulang jeung Esra ti pangbuangan di Babul jaman Raja Artahsasta marentah nya eta:

²(8: 2-14) Gersom, ti golongan Pinehas. Daniel, ti golongan Itamar. Hatus bin Sekanya, ti golongan Daud. Jakaria, ti golongan Paros jeung 150 urang kulawargana (sajarah katurunanana kacatet). Elyunai bin Serahya, ti golongan Pahat Moab jeung 200 urang kulawargana. Sekanya bin Yehasiel, ti golongan Satu jeung 300 urang kulawargana. Ebed bin Yonatan, ti golongan Adin jeung 50 urang kulawargana. Yesaya bin Atalya, ti golongan Elam jeung 70 urang kulawargana. Sebaya bin Mikael, ti golongan Sepaca jeung 80 urang kulawargana. Obaja bin Yehiel, ti golongan Yoab jeung 218 urang kulawargana. Selomit bin Yosipiya, ti golongan Bani jeung 160 urang kulawargana. Jakaria bin Bebai, ti golongan Bebai jeung 28 urang kulawargana. Yohanan bin Hakatan, ti golongan Asgad jeung 110 urang kulawargana. Elipelet, Yehiel jeung Semaya ti golongan Adonikam jeung 60 urang kulawargana (marulangna rada pandeuri). Utay jeung Sakur ti golongan Bigwai jeung 70 urang kulawargana.

³(8: 2)

⁴(8: 2)

⁵(8: 2)

⁶(8: 2)

7 (8: 2)

8 (8: 2)

9 (8: 2)

10 (8: 2)

11 (8: 2)

12 (8: 2)

13 (8: 2)

14 (8: 2)

15 Dulur-dulur teh ku sim kuring sina kumpul di hiji walungan anu ngocor ka Ahawa. Di dinya marondok heula meunang tilu poe. Di antara dulur-dulur katilik aya imam-imam, tapi teu katingal aya kaom Lewi.

16 Seug sim kuring menta tulung ka salapan kokolot nya eta Elieser, Ariel, Semaya, Elnatan, Yarib, Elnatan, Natan, Jakarta, Mesulam, jeung dua urang guru nya eta Yoyerib jeung Elnatan.

17 Ku sim kuring dijurung nepungan Ido anu ngapalaan dulur-dulur di Kasipia. Ka anjeunna sadudulur tukang digarawe di Bait Allah, sim kuring menta jelema anu baris baku ngalalayanan Allah di jero Bait Allah.

18 Ku berkahna Allah, aranjeunna ngirimkeun Serebya, ti kaom Lewi anu pinter, ti golongan Mahli, katut anakna dalapan belas urang jeung dulur-dulurna.

19 Lian ti eta ngirimkeun Hasabya jeung Yesaya ti golongan Merari jeung baraya-barayana dua puluh urang.

²⁰ Malah ditambah 220 urang tukang digarawe di Bait Allah, anu karuhun-karuhunna ku Raja Daud jeung para gegedenna dibakukeun kana ngalaladenan kaom Lewi. Ngaran-ngaranna kabeh aya catetanana.

²¹ Di sisi Walungan Ahawa sim kuring ngajak dulur-dulur paruasa jeung ngarendahkeun diri di payuneun Allah, seja neneda ka Mantenna, sangkan sim kuring jeung dulur-dulur katut barudak kitu deui babawaan ditangtayungan di jalan.

²² Arek nyuhunkeun dikawal ku hiji pasukan kuda teh bisi di jalan diganggu musuh, sim kuring isin ku raja, lantaran ka anjeunna geus micatur yen Allah urang tangtu nyarengan ka sakur anu ngandel ka Mantenna, sarta tangtu ngahukum ka sakur anu mungkur ti Mantenna.

²³ Prak sim kuring jeung dulur-dulur paruasa, sarta neneda ka Allah nyuhunkeun ditangtayungan. Ku Mantenna dikabul.

²⁴ Geus kitu sim kuring milih dua belas imam kapala, nya eta Serebya, Hasabya jeung sapuluh urang deui.

²⁵ Ku sim kuring dipangnimbangkeun perak jeung emas, jeung barang-barang lianna kurnia ti raja, ti dewan pertimbangan raja, ti para gegeden jeung ti sasama urang Israil, anu maksudna keur baktikeuneun ka Bait

Allah. Sanggeus ditimbang dipasrahkeun ka aranjeunna.

²⁶ (8: 26-27) Ari barang-barangna nya eta: Perak 25 ton; Barang-barang tina perak 100 siki; Emas 3.400 kilogram; Pinggan emas 20 siki, beuratna 8,4 kilogram; Pinggan tambaga anu kacida alusna 2 siki, ajenna sarua jeung pinggan-pinggan emas.

²⁷ (8: 26)

²⁸ Ceuk sim kuring ka aranjeunna, "Aranjeun parantos suci di payuneun PANGERAN, Allah karuhun aranjeun. Kitu deui ieu barang-barang paparabotan tina perak sareng emas pangabakti ti sakur anu rarido, ieu oge suci di payuneun PANGERAN.

²⁹ Jaga masing ati-ati nepi ka Bait Allah. Di ditu ditimbang di kamar imam, teras sanggakeun ka imam-imam kapala, ka urang Lewi, ka para sesepuh Israil di Yerusalem."

³⁰ Seug eta perak, emas jeung paparabotan ku para imam jeung kaom Lewi ditarima, dibawa ka Bait Allah di Yerusalem.

³¹ Dina tanggal dua belas bulan kahiji, sim kuring jeung dulur-dulur ninggalkeun Walungan Ahawa, ngajugjug ka Yerusalem. Di jalan berekah disareangan ku Allah urang, diraksa ti musuh.

³² Sacundukna ka Yerusalem, ngareureuh heula tilu poe.

³³ Dina poe kaopatna terus ka Bait Allah. Perak, emas jeung barang-barang teh

ditimbang di Bait Allah, tuluy dipasrahkeun ka Imam Meremot bin Uria, anjeunna disarengan ku Elasar putra Pinehas, jeung ku duaan ti kaom Lewi nya eta Yosabat bin Yesua jeung Noaja bin Binui.

³⁴ Barang-barang kabeh geus diitung jeung ditimbang sarta dicatet-catetkeun taya nu kaliwat.

³⁵ Geus kitu dulur-dulur nu kakara marulang teh ngaduruk kurban haturan Allah Israil. Sato-sato anu dikurbankeun nya eta: sapi 12, kurban ka sakumna urang Israil, domba jalu 96, anak domba 77, embe 12, pikeun kurban panebus dosana. Kabeh diduruk jadi kurban haturan PANGERAN.

³⁶ Piagem ti raja disanggakeun ka para gubernur jeung para gegeden di Eprat Kulon, seug aranjeunna ngabantu ka bangsa urang, marere sokongan pikeun sagala kaperluan Bait Allah.

9¹ Sabada beres hal eta, sim kuring dibejaan ku sawatara kapala urang Israil, yen bangsa urang, kaasup imam-imam jeung kaom Lewi, geus teu marisahkeun maneh deui ti jelema-jelema anu caricing di kota-kota tatangga nya eta urang Amon, urang Moab, urang Mesir, atawa jeung urang Kanaan, urang Het, urang Pares, urang Yebus jeung urang Emor. Malah marigawe kalakuan anu dipigawe ku eta jelema-jelema, kalakuan anu pikagirukeun.

²Urang Yahudi ngararawin awewe-awewe bangsa eta. Ku sabab kitu, umat anu disucikeun ku Allah teh katepaan kotor ku bangsa lian. Komo kapala-kapala jeung pamingpin-pamingpinna mah pangheulana ngalanggar cegahan.

³Sim kuring liwat saking mentegegna nepi ka nyosoeh pakean jeung ngaramesan buuk jeung janggot. Brek andiprek, nalangsa beak karep,

⁴ngaheruk nepi ka wanci nyanggakeun kurban sore, digimbung ku dulur-dulur anu ngarasa sieun ku timbalan Allah Israil perkara dosana jelema-jelema anu marulang ti pangbuangan.

⁵Sanggeus wanci kurban sore, sim kuring cengkat ti enggon andiprek, brek sideku bari nadahkeun leungeun duanana, neneda ka PANGERAN Allah panutan, masih keneh make pakean anu tadi disosoeh.

⁶Paneda sim kuring, "Nun Allah, jisim abdi isin langkung-langkung ka payuneun Gusti, dugi ka henteu werat tanggah, gaduh dosa dugi ka ngurugan sirah, malah nyaruuan luhurna langit.

⁷Dosa abdi sadaya umat Gusti, ti jaman karuhun dugi ka danget ieu pisan kalintang ageungna. Ku dosa sorangan keneh, abdi sadaya kitu deui raja-raja sareng imam-imam, ragrag kana leungeun raja-raja bangsa lian, ditumpes, diranjah, diboyong jaradi

tawanan jadi bangsa anu hina sakumaha anu karandapan ayeuna.

⁸Nun PANGERAN Allah abdi sadaya, abdi-abdi nembe pisan nampi sih kurnia Gusti, dijait sapalih ti tempat tawanan, dicandak ka ieu tempat anu suci kalayan reugreugna. Asal tina jadi kuli paksa bangsa batur, ayeuna dipaparin alam hirup anu anyar.

⁹Waktos keur jadi bujang batur, abdi sadaya ku Gusti henteu dikantun. Gusti ngagerakkeun manah raja-raja Persia dugi ka mikawelas ka abdi-abdi, maparin kalaluasaan ngadegkeun deui Bait Gusti anu parantos burak-barik, kalayan pinanggih sareng kasantosaan di dieu, di Yuda sareng Yerusalem.

¹⁰Tina perkawis kadorakaan anu ayeuna, kedah kumaha abdi nyanggemkeunana? Abdi-abdi parantos ngarempak deui timbalan-timbalan

¹¹anu ku Gusti ditimbalkeun ku perantaraan nabi-nabi utusan Gusti. Padahal abdi-abdi teh parantos diwawadian, yen tanah anu bade dicicingan teh tempat najis, margi jalmi-jalmi anu caricing di dinya, ti tungtung dugi ka tungtungna deui kalotor kalakuanana, doraka.

¹²Parantos diwawadian ku nabi-nabi, yen abdi-abdi teu kenging gaduh bojo ka urang nagara ieu. Parantos diwawadian, yen upami hayang gaduh ieu tanah turun-tumurun

salalamina, abdi-abdi teu kenging ngabantu atanapi mangusahakeun maranehanana sangkan sarenang hirupna.

¹³Kadorakaan abdi-abdi parantos kenging hukumanana. Sanaos kitu nun Allah abdi sadaya, abdi-abdi terang yen upami dibanding sareng ageungna dosa sarawuh kadorakaanana mah, sayaktosna hukumanana teh teu sabaraha, tur abdi-abdi diwidian keneh hirup.

¹⁴Jadi kedahna mah asa kacida teuing upami abdi-abdi dugi ka ngalalaworakeun kana timbalan-timbalan, tur dugi ka garaduh bojo ka jalma-jalma anu jarahat kitu! Margi upami dugi ka kitu teh tangtos Gusti bendu, tangtos abdi-abdi ku Gusti dibasmi, moal aya anu diwidian hirup.

¹⁵Nun GUSTI, Allah Israil, Gusti sakalangkung leres, margi kersa keneh ngahirupan ka abdi sadaya. Ayeuna abdi-abdi nyanggakeun samudaya kadorakaan ka payuneun Gusti, rumaos henteu layak ngadeuheus ka payuneun Gusti."

10¹Sabot Esra sideku neneda di buruan Bait Allah ngakukeun dosa-dosa bangsana bari nangis, urang Israil ngagimbung ka anjeunna loba pisan, lalaki, awewe, jeung barudak, marilu ceurik.

²Pok Sekanya bin Yehiel ti warga Elam mihatur ka Esra, pihaturna, "Sim kuring sadaya parantos henteu iman ka Allah,

ngawin awewe bangsa sanes. Nanging aya keneh harepan kangge Israil.

³ Urang kedah ikrar ka Allah panutan yen seja mulangkeun eta sadaya awewe sareng anak-anakna. Sakur nasehat Bapa sareng anu alajrih kana timbalan-timbalan Allah sumeja ditumutkeun. Naon bae anu dipundut ku Hukum Allah sumeja diestokeun.

⁴ Ngalereskeunana teu bade ngalangkungan, Bapa anu kagungan hak ngalereskeunana, sim kuring sadaya sumeja ngiringan. Mangga jalankeun kumaha saena."

⁵ Jung Esra ngadeg, sarta imam-imam kapala, lulugu-lulugu kaom Lewi jeung sakabeh urang Israil disina sumpah, sangkan ngajalankeun pirempug anu disodorkeun ku Sekanya.

⁶ Ti dinya anjeunna ngantunkeun palataran Bait Allah, lebet ka pondok Yohanan bin Elyasib, ngawengi di dinya, teu tuang teu leueut awahing ku prihatin ku kadorakaan jelema-jelema anu marulang ti pangbuangan.

⁷ Ti dinya diembarkeun ka sakuliah Yerusalem jeung Yuda, yen anu marulang ti pangbuangan kudu kumpul kabeh di Yerusalem.

⁸ Kitu parentah para kapalana. Sing saha anu teu datang di jero wates tilu poe, sakabeh hartana baris dijabel sarta baris dicabut hakna jadi anggota jamaah.

⁹Di jero tilu poe eta, dina tanggal dua puluh bulan ka salapan, urang Yuda jeung urang Binyamin kabeh geus aya di Yerusalem, tuluy karumpul di buruan Bait Allah. Karumpul bari marurungkut teu kuat ku tiisna hawa, kawantu harita keur hujan gede pisan, turug-turug bari mangsar-mingsir paur ku gempungan anu sakitu pentingna.

¹⁰Jung Imam Esra ngadeg sasauran. Kieu saurna, "Maraneh geus nyieun kasalahan jeung mawa kadorakaan ka Israil, karawin ka awewe bangsa batur.

¹¹Geura araku eta dosa teh ka PANGERAN, Allah karuhun maraneh, tembongkeun kalakuan anu matak raos kana manah Mantenna. Kudu ngajarauhkeun maneh ti jelema-jelema deungeun di nagri ieu anu henteu sabangsa jeung urang, jeung singkahkeun awewe-awewe pamajikan maraneh anu lain bangsa urang teh."

¹²Jelema-jelema bareng ngajawab, "Sumeja diestokeun!"

¹³Tapi pokna deui, "Ieu kempelan sakieu ageungna, sareng hujan sakieu ageungna. Abdi-abdi parantos teu kiat di laluar. Tur ieu perkawis teh moal rengse ku sadinten dua dinten ku seueurna anu kabeulit ku ieu dosa.

¹⁴Kitu nu mawi nyuhunkeun dipanglereskeun bae ku pangurus masing-masing. Aranjeunna sina ngarantosan di dieu di Yerusalem. Salajengna, anu garaduh bojo ka awewe

bangsa batur sina ngadareuheus ka dieu dina waktos anu ditangtoskeun, disareengan ku pangurus sareng hakim ti tempatna masing-masing. Mugi-mugi ieu jalan jadi lantaran sirepna bebendu Allah tina ieu perkara."

¹⁵Anu karumpul teu aya anu ngabantah kana ieu usul, iwal ti Yonatan bin Asahel jeung Yahsea bin Tikwa anu disokong ku dua urang Lewi, Mesulam jeung Sabetai.

¹⁶Ku sabab ieu usul geus kasatujuan ku anu marulang ti pangbuangan, seug Imam Esra nangtoskeun jelema-jelema ti para pamingpin golongan pikeun nguruskeun, sarta ngaran-ngaranna dicatet. Dina tanggal hiji bulan sapuluh papariksaan geus dimimitian.

¹⁷Nguruskeun perkara jelema-jelema anu rarabi ka awewe bangsa sejen teh lilana nepi ka tilu bulan.

¹⁸Ieu daptar ngaran anu karawin ka awewe bangsa deungeun: Ti kalangan imam: Ti golongan Yesua sadudulur, anak-anak Yosadak: Maaseya, Elieser, Yarib jeung Gedalya.

¹⁹Geus jarangji sanggup nyerahkeun bojo masing-masing, tuluy ngurbankeun hiji domba jalu keur nebus dosa.

²⁰Ti golongan Imer: Hanani jeung Sebaya.

²¹Ti golongan Harim: Maaseya, Elias, Semaya, Yehiel jeung Usia.

²²Ti golongan Pashur: Elyuenai, Maaseya, Ismail, Netanel, Yosabad jeung Elasa.

²³Urang Lewi: Yosabad, Simei, Kelaya (katedahna Kelita), Petahya, Yuda jeung Elieser.

²⁴Pamaen musik: Elyasib. Ti tukang jaga Bait Allah: Salum, Telem jeung Uri.

²⁵Nu lianna: Ti golongan Paros: Ramya, Yisia, Malkia, Miyamin, Elasar, Malkia jeung Benaya.

²⁶Ti golongan Elam: Matanya, Jakaria, Yehiel, Abdi, Yeremot jeung Elias.

²⁷Ti golongan Satu: Elyuenai, Elyasib, Matanya, Yeremot, Sabad jeung Asisa.

²⁸Ti golongan Bebai: Yohanan, Hananya, Sabai jeung Atlai.

²⁹Ti golongan Bani: Mesulam, Maluk, Adaya, Yasub, Saal jeung Yeremot.

³⁰Ti golongan Pahat Moab: Adna, Kelal, Benaya, Maaseya, Matanya, Besalel, Binui jeung Menase.

³¹(10: 31-32) Ti golongan Harim: Elieser, Yisea, Malkia, Semaya, Simeon, Binyamin, Maluk jeung Semarya.

³²(10: 31)

³³Ti golongan Hashum: Matenai, Matata, Sabad, Elipelet, Yeremai, Menase jeung Simei.

³⁴(10: 34-37) Ti golongan Bani: Maadai, Amram, Uel, Benaya, Bedeya, Keluhi, Pania,

Meremot, Elyasib, Matanya, Matenai, jeung Yaasai.

35 (10: 34)

36 (10: 34)

37 (10: 34)

38 (10: 38-42) Ti golongan Binui: Simei, Selemya, Natan, Adaya, Mahnadbai, Sasai, Sarai, Asarel, Selemya, Semarya, Salum, Amarya jeung Yusup.

39 (10: 38)

40 (10: 38)

41 (10: 38)

42 (10: 38)

43 Ti golongan Nebo: Yiel, Matica, Sabad, Sebina, Yadai, Yoel jeung Benaya.

44 Sakitu kabehna anu baroga pamajikan ka awewe bangsa deungeun. Pamajikan-pamajikanana kabeh geus diserahkeun, sina baralik ka asalna katut anak-anakna.

Nehemia

1 ¹Ieu laporan Nehemia bin Hakalya tina hal anu dilampahkeun ku anjeunna. Mangsa kadua puluh taun Artahsasta jadi raja Persia, dina bulan Kislew, waktu sim kuring aya keneh di ibukota Susan,

²dulur sim kuring anu ngaran Hanani ti tanah Yuda, datang jeung baturna sababaraha urang. Sim kuring nanyakeun kaayaan Yerusalem jeung dulur-dulur sasama urang Yahudi anu marulang ti pangbuangan di Babul.

³Jawabna, dulur-dulur nu rahayu bisa marulang ka lemah cai teh keur katarajang susah gede, turug-turug dihina ku tatangga-tatanggana bangsa-bangsa sejen. Tembok kuta Yerusalem angger ancur, gapura-gapurana ti barang tas aya nu ngahuru acan diomean deui.

⁴Meunang beja kitu, brek sim kuring diuk bari ceurik. Meunang sababaraha poe sim kuring teu dahar-dahar acan, prihatin teu leungit-leungit. Seug neneda ka Allah,

⁵"Nun GUSTI, Allah Sawarga! Gusti teh agung sareng matak gimir! Gusti pengkuh nyepeng perjangjian ka sugri anu nyaah sareng ngestokeun timbalan-timbalan!"

⁶Tingali nun PANGERAN, sareng dangukeun ieu paneda abdi siang sareng wengi tina perkawis umat Gusti, bangsa Israil. Abdi rumaos, urang Israil teh gaduh dosa ka Gusti. Kitu deui karuhun-karuhun sareng abdi pribadi oge gaduh dosa.

⁷Doraka, ngabaha ka Gusti, teu tumut kana timbalan. Henteu tigin kana papakon-papakon anu ku Gusti ditetepkeun pikeun abdi sadaya ku perantaraan Musa, abdi Gusti tea.

⁸Tangtos Gusti emut, Gusti parantos nimbalan kieu ka Musa, Maraneh Israil, upama henteu satia ka Kami, tan wande dipabalencarkeun ka bangsa-bangsa sejen.

⁹Tapi upama tarobat sarta ngagugu kana timbalan Kami, najan keur pabalencar nepi ka tungtung jagat oge, tan wande dipulangkeun ka tempat anu ku Kami geus dipilih geusan ngabakti ka Kami.

¹⁰Nun PANGERAN, eta teh sadayana abdi-abdi Gusti, umat Gusti ku manten, kenging Gusti ngajait ku pangawasa sareng kadigjayaan anu langkung-langkung agungna.

¹¹Mugi kersa ngadangu kana panyambat abdi, sareng kana panyambat sugri anu sumeja ngamulyakeun ka Gusti, mugi-mugi abdi mendak kurnia ti raja, dikabulkeun panuhun." Kitu paneda sim kuring. Harita sim kuring teh jadi juruladen leueuteun prabu.

2¹ Opat bulan ti harita, dina hiji poe waktu Raja Artahsasta tuang, sim kuring nyanggakeun leueuteun. Katingalieun sim kuring nguyung tara-tara ti sasari.

² Seug anjeunna mariksa, "Nguyung-nyuyung teuing, ku naon? Da lain ari gering mah. Tangtu keur boga kasusah." Sim kuring mani ngagebeg,

³ pok unjukan, "Mugi Kangjeng Raja wilujeng sapapaosna. Kumaha jisim abdi bade kiat nahan kasesah, reh lembur tempat makam karuhun parantos bukrak-bakrek, gapura-gapurana seep aya nu ngahuru."

⁴ Prabu mariksa deui, "Cik, kumaha kahayang maneh?" Bari sasambat ka Allah Sawarga,

⁵ sim kuring unjukan ka raja, "Madak Gusti Sang Raja kersa ngabulkeun, abdi nyuhunkeun diwidian mulang ka lembur, ka tanah Yuda, tempat pasarean karuhun, sumeja diwangun deui."

⁶ Raja, anu harita digedeng ku prameswari, nyaluyuan kana panuhun sim kuring. Jeung mariksa rek sabaraha lilana indit teh, iraha rek balik deui. Ku sim kuring diunjukkeun pililaeunana.

⁷ Sim kuring nyuhunkeun deui kurniana, nyuhunkeun serat keur para gubernur di Eprat Kulon, sangkan aranjeunna ngidinan sim kuring ngajugjug tanah Yuda.

⁸Oge nyuhunkeun serat keur ka Asap kawasa leuweung karajaan, sangkan maparin kai keur bahan panto-panto benteng Bait Allah, pikeun kuta jeung pikeun piimaheun sim kuring. Berkah ti Allah, sagala panuhun sim kuring ku raja dikabul.

⁹Raja miwarang sapasukan serdadu kuda jeung sawatara perwirana, dipiwarang maturan sim kuring ka Eprat Kulon. Serat ti raja ku sim kuring disanggakeun ka gegeden-gegeden di dinya.

¹⁰Tapi Sanbalat, ti desa Bet Horon, jeung Tobia, hiji pajabat ti propinsi Amon, ngadarenge yen aya jelema datang rek digawe pikeun kapentingan urang Israil teh kacida arambekeunana.

¹¹Ti dinya sim kuring terus ka Yerusalem. Geus tilu poe di dinya,

¹²tapi pikarepeun sim kuring ka Yerusalem anu geus diilhamkeun ku Allah, acan diomongkeun ka sasaha. Tengah peuting eta sim kuring kaluar, dianteur ku sawatara urang. Sato keur tutumpakan ngan aya hiji-hijina, kalde nu ditumpakan ku sim kuring wungkul.

¹³Kaluar ti kota teh peuting keneh, bijilna ti Gapura Lebak di beulah kulon. Terus maju ka kidul ka Gapura Jarian, ngaliwatan Pancuran Naga, bari nengetan kuta anu geus arurug jeung lawang-lawang anu geus lebur urut ngahuru.

¹⁴ Nepi ka sisi kota beulah wetan, mengkol ka kaler arek ka Gapura Pancuran jeung ka Empang Raja. Tapi ku sabab jalanna pinuh ku nu pagalituk, kalde teu manggih tincakeun.

¹⁵ Ku sabab kitu sim kuring terus mudun ka Lebak Kidron bari nengetan kuta. Geus kitu balik deui ka urut tadi, terus asup deui ka jero kota ti Gapura Lebak.

¹⁶ Tas ti mana jeung tas naon sim kuring, gegeden di dinya taya nu terangeun saurang-urang acan. Nepi ka harita, sim kuring acan nyarita naon-naon ka sasama urang Yahudi oge, boh ka imam-imam, boh ka para pamingpin jeung gegeden-gegeden, atawa ka sing saha bae anu engkena baris marilu ngabantu kana pagawean.

¹⁷ Nyarita-nyarita teh ayeuna. Kieu carek sim kuring ka maranehna, "Pohara pikangeneseunana kaayaan urang teh. Yerusalem jadi bukrak-bakrek, gapura-gapurana lebur! Urang jieun deui kuta teh, sangkan urang lubar tina kaayaan hina."

¹⁸ Satulunya sim kuring nyarita yen geus meunang pangjaring jeung pitulung Allah. Timbalan raja tea dicaritakeun ka maranehna. Ku maranehna ditema kieu, "Hayu urang geura prak mimitian!" Seug maranehna tatan-tatan.

¹⁹ Eta paniatan kadengeeun ku Sanbalat jeung Tobia, jeung ku hiji urang Arab anu ngaranna Gesyem. Seug maranehna

nyeungseurikeun bari pokna, "Rek boga pamaksudan naon maraneh teh? Rek barontak ka raja?"

²⁰Dijawab ku sim kuring, "Ku pitulung Allah Sawarga, paniatan kuring pasti bukti. Kuring, abdi-abdi Mantenna, ayeuna rek mimiti barang gawe ngadegkeun. Sabalikna aranjeun teu boga hak atawa milik naon bae di Yerusalem, sarta dina adat istiadat ieu kota, aranjeun teu boga bagian."

3¹Ieu laporan hal prak-prakan diomeanana kuta Yerusalem. Imam Agung Elyasib jeung sasama para imam ngadegkeun deui Gapura Domba, panto-pantona dipasang jeung dihususkeun pikeun PANGERAN. Kuta teh diomeanana jeung dihususkeunana nepi ka Munara Saratus jeung Munara Hananel.

²Bagian saterusna dipigawe ku urang Yeriho, ditema ku bagian Sakur bin Imri.

³Gapura Lauk dipigawe ku warga Senaah, balok-balok jeung panto-pantona diterapkeun, lengkep katut sarigsig-sarigsig jeung tulak-tulakna.

⁴Ti dinya diteruskeun ku bagian Meremot bin Uria incu Hakos, disambung ku bagian Mesulam bin Berekya incu Mesesabel, diteruskeun ku bagian Sadok bin Baana.

⁵Ti dinya diteruskeun ku urang Tekoa. Tapi pamingpin-pamingpin urang Tekoa mah dibere pagawean kasar ku mandor-mandorna teh nolak.

⁶Gapura Yesyana dipigawe ku Yodaya bin Paseah jeung Mesulam bin Besoja. Balok-balok jeung panto-pantona diterapkeun, lengkep katut sarigsig-sarigsig jeung tulak-tulakna.

⁷Ti dinya diteruskeun ku Melaca urang Gibon, Yadon urang Meronot, jelema-jelema ti Gibon jeung ti Mispa, nepi ka semet panglinggihan gupernur Eprat Kulon.

⁸Ti dinya diteruskeun ku Usiel bin Harhaya, kamasan. Diteruskeun ku Hananya tukang nyieun seuseungitan, nepi ka Kuta Lega.

⁹Disambung ku Repaya bin Hur, kapala saparo Distrik Yerusalem.

¹⁰Diteruskeun ku Yedaya bin Harumap, anu kabagian migawe bagian deukeut imahna keneh. Ti dinya disambung ku Hatus bin Hasabneya.

¹¹Diteruskeun ku Malkia bin Harim jeung Hasub bin Pahat Moab, ditambah ku ngawangun deui Munara Hawu.

¹²Ti dinya disambung ku Salum bin Halohes, kapala Distrik Yerusalem anu saparo deui, dibarantuan ku putra-putrana anu istri.

¹³Gapura Lebak dipigawe ku Hanun jeung jelema-jelema urang Sanoa. Panto-pantona dipasang, lengkep katut sarigsig-sarigsig jeung tulak-tulakna, ditambahan ku ngomean kutana sapanjang 440 meter nepi ka semet Gapura Jarian.

¹⁴ Gapura Jarian dipigawena ku Malkia bin Rehab, kapala Distrik Bet Kerem. Panto-pantona dipasang, lengkep katut sarigsig-sarigsig jeung tulak-tulakna.

¹⁵ Gapura Pancuran dipigawe ku Salum bin Kolhose, kapala Distrik Mispa. Jalan paranti asupna dihateupan, panto-pantona dipasang, lengkep katut sarigsig-sarigsig jeung tulak-tulakna. Kuta gigireun taman raja oge, lebah Empang Sela, diomean nepi ka semet tangga anu mudun ti Kota Daud.

¹⁶ Ti dinya disambung ku Nehemia bin Asbuk, kapala Distrik saparo Bet Sur nepi ka makam Daud, terus nepi ka semet empang jeung tangsi.

¹⁷ Urang Lewi anu kabagian ngomean sababaraha bagian kuta, nya eta: Rehum bin Bani, ngomean sabagian. Diteruskeun ku Hasabya, kapala Distrik saparo Kehila, ngawakilan distrikna.

¹⁸ Ti dinya disambung ku Bawai bin Henadad, kapala Distrik Kehila anu saparo deui.

¹⁹ Bagian anu di hareupeun gudang pakarang nepi ka pojok anu mengkol, diomeanana ku Eser bin Yesua, kapala di Mispa.

²⁰ Ti dinya nepi ka semet lawang buruan bumi Imam Agung Elyasib, diomeanana ku Baruk bin Sabai.

²¹ Ti semet eta nepi ka tungtung bumina Elyasib, diomeanana ku Meremot bin Uria incu Hakos.

²² Para imam anu marilu ngomean kuta nya eta: Para imam anu di sakurilingeun Yerusalem.

²³ Binyamin jeung Hasub ngomean bagian anu di payuneun bumina. Ditema ku Asaria bin Maaseya putu Ananya, ngomean bagian anu di payuneun bumina.

²⁴ Binui bin Henadad ngomeanana ti semet bumi Asarya nepi ka pojok kuta.

²⁵ (3: 25-26) Palal bin Usai ngomeanana ti semet pojok eta jeung ti tonggoheun munara karaton, deukeut gardu jaga. Pedaya bin Paros ngomeanana ti semet eta nepi ka tungtung wetan deukeut Gapura Cai jeung munara jaga Bait Allah, deukeut tempat anu ngaran Opel, pamatuhan kuli-kuli Bait Allah.

²⁶ (3: 25)

²⁷ Urang Tekoa kabagian ngawangun mimiti ti bagian anu pahareup-hareup jeung munara gede paranti jaga Bait Allah, nepi ka kuta deukeut Opel.

²⁸ Ti semet eta, ti semet Gapura Kuda ka kaler, digarap ku sawatara urang imam, bagian hareupeun imahna masing-masing.

²⁹ Sadok bin Imer kabagian ngagarap anu di hareupeun imahna. Bagian saterusna digarap ku Semaya bin Sekanya, tukang jaga Gapura Wetan.

³⁰ Hananya bin Selemya jeung Hanun, anak Salap anu kagenep, ngagarap bagian saterusna, kadua kalina. Ditema ku Mesulam

bin Berekya, ngagarap anu di hareupeun imahna.

³¹ Ti semet eta ka dituna digarap ku Malkia, kamasan, nepi ka wawangunan anu diparake ku kuli-kuli Bait Allah jeung ku tukang-tukang dagang, semet Gapura Mipkad, palebah loteng kuta di juru anu nyanghareup ka beulah kaler jeung wetan.

³² Bagian anu panganggeusan, nya eta ti semet juru loteng tea nepi ka Gapura Domba, dipigawena ku kamasan-kamasan jeung tukang-tukang dagang.

4 ¹ Barang Sanbalat nyahoeun yen urang Yahudi geus mimiti nyieun kuta, hatena ngentab, seug bae ngahina.

² Kieu ngomongna di hareupeun babaturanana jeung hareupeun balad Samaria, "Eta si Yahudi taya kabisa teh keur nyarieun naon? Arek ngadegkeun deui kotana meureun karepna mah! Naha samarukna eta pagawean teh rek bisa anggeus dina sapoe pedah geus mere kurban? Na bisa nyieun wawangunan tina batu ku bahan-bahan urut kaduruk?"

³ Ditempas ku Tobia di gigireunana, pokna, "Kuta naon siga kitu? Didobrak ku careuh ge rungkad!"

⁴ Sim kuring neneda, "Nun Allah, dangukeun eta anu moyok ka abdi-abdi! Mugi pamoyokna malindes ka dirina. Sing dirampog sagala

kagaduhna. Sing ditaroyong, ditarui di tanah batur.

⁵Kadorakaanana ulah dipaparin ampun. Dosana ulah dihampura, parantos ngahina ka abdi-abdi anu keur digarawe."

⁶Kuta diteruskeun diomean. Teu mangkuk lila iuhurna geus meunang satengahna, kawantu anu digarawena karesit.

⁷Sanbalat, Tobia, kitu deui urang Arab, urang Amon jeung urang Asdod mareunang beja, yen pagawean ngadegkeun deui kuta Yerusalem kacida lancarna, babagian-babagian anu rarungkad geus katutup. Maranehanana jadi arambekeun.

⁸Tuluy barempug arek nempuh ka Yerusalem, rek disina kalangkabut.

⁹Tapi sim kuring neneda ka Allah panutan, sarta beurang peuting nempatkeun jaga.

¹⁰Urang Yuda nyieun lagu, seug dikarawihkeun: "Geus teu kuat ngakutan anu bareurat, loba keneh nu kudu diangkat. Naha sanggup poe ieu nuluykeun gawe?"

¹¹Musuh mah nyangkana urang teu terang nanaon, nyaho-nyaho lamun enggeus ditarajang diparaahan nepi ka pagawean bongkor.

¹²Padahal beja paniatan maranehna kitu teh teu kendat katarima ti urang Yahudi anu caricingna campur jeung eta musuh.

¹³Dulur-dulur ku sim kuring dibere pakarang, pedang, tumbak jeung jamparing,

tuluy di tempatkeun diatur nurutkeun warga masing-masing di tukangeun kuta anu can anggeus.

¹⁴Tapi dulur-dulur teh bangun salempang. Ku sabab eta dulur-dulur jeung kapala-kapala sarta para pamingpinna, ku sim kuring diomongan, "Teu kudu dipikarisi eta musuh teh. Sing aringet kumaha gagahna, kumaha hebatna PANGERAN. Tarung masing teuneung, ngabela batur sabangsa, ngabela anak rabi, ngabela imah pangancikan."

¹⁵Musuh teh tuluyna mah nyahoeun yen niat hasudna geus katohyan. Karasaeun yen paniatanana geus digagalkeun ku Allah. Geus kitu mah dulur-dulur teh neruskeun deui hanca migawe kuta.

¹⁶Ti harita dulur-dulur teh diatur, sawareh digarawe, sawareh deui ngajaraga, marake baju kere, samakta ku pakarang, tumbak, kepeng, jamparing. Ari para pamingpin sakuat-kuat marantuan dulur-dulur

¹⁷anu digarawe. Anu ngakutan bahan-bahan mah malah digarawena teh kapaksa ku sabeulah leungeun, lantaran nu sabeulah deui nyekel pakarang.

¹⁸Anu marigawe kuta oge digarawena teh bari nyaroren pedang. Jeung aya saurang anu ngagondeng sim kuring, kawajibana niup tarompet tangara.

¹⁹Sim kuring ngomong ka dulur-dulur jeung ka kapala-kapala sarta pamingpin-

pamingpinna, "Ieu hanca ngembat sakieu panjangna, ti tungtung ka tungtung deui panjang pisan.

²⁰Ku margi eta upami aya tangara tarompet kedah enggal kempel ka sim kuring. Allah tangtos mantuan urang perang."

²¹Saban poe, ti wanci balebat nepi wanci bijil deui bentang-bentang, dulur-dulur teh sawareh digarawe, sawareh ngajaraga bari nyarekel tumbak.

²²Nu keur digarawe ku sim kuring dipenta, yen sapanjang keur kitu mah, kabeh katut jeung juru-juru ladenna kudu mareuting di Yerusalem bae, sangkan ari ti peutting ngajaga kota, ti beurang digarawe.

²³Sim kuring, ti peutting oge tara cucul pakean, kitu deui babaturan, gandek-gandek jeung pangawal-pangawal sim kuring, bari teu lesot ti pakarang.

5¹Dina hiji waktu, dulur-dulur lalaki awewe loba anu rarumahuh ku kalakuan dulur-dulurna urang Yahudi keneh.

²Pokna, "Parabaneun rea, gandum geus teu boga, kudu kumaha nya hirup."

³Aya nu rumahuhna kieu, "Lahan, kebon anggur, imah, kapaksa digadekeun sangkan teu nepi ka langlayeuseun."

⁴Aya oge anu ngomong kieu, "Keur mayar pajeg tanah jeung kebon anggur ka nagara ge kapaksa kudu nginjeum.

⁵ Padahal urang jeung maranehna teh tunggal keneh urang Yahudi. Barudak urang sarua balageur cara anak-anakna. Tapi naha ari barudak urang nepi ka jadi badegana. Anak nu awewe kitu keneh, kajual ka maranehna jadi badega. Urang geus teu bisa naon-naon lantaran lahan jeung kebon anggur geus leupas ka batur."

⁶ Nguping dulur-dulur rarumahuh, sim kuring jadi jengkel

⁷ ka kapala-kapala jeung pamingpin-pamingpinna. Sim kuring ihtar. Maranehna dielingan, "Aranjeun meres ka dulur sorangan!" Sim kuring ngayakeun gempungan rek ngabarempugkeun sual eta.

⁸ Ti dinya nyarita, "Sim kuring sarerea geus satekah polah nebus dulur-dulur, urang Yahudi, anu ngajarual maneh ka bangsa batur. Ari aranjeun kalah ka ngahaja sangkan dulur-dulur teh ngajarual maneh ka aranjeun, papada urang Yahudi!" Maranehna ngabaretetem teu bisa ngajawab.

⁹ Sim kuring neruskeun, "Kalakuan kitu teh salah! Cik sing sarieun ku Allah, sing bener lampah, sangkan musuh urang anu teu baroga agama nu bener teu manggih jalan keur ngagogoreng ka urang.

¹⁰ Eta dulur-dulur ku sim kuring sabatur-batur jeung ku nu digarawe di sim kuring geus dibarere nginjeum duit jeung gandum. Tapi urang bebaskeun bae teu kudu malayar.

¹¹ Hutang-hutangna ka aranjeun oge, boh duit boh gandum boh anggur atawa minyak jetun, ku aranjeun ulah ditagih. Lahan-lahanna, kebon anggurna, pelak jetunna, imah-imahna, pulang-pulangkeun deui poe ieu keneh!"

¹² Maranehna ngajawab, "Ngiringan kana pangersa. Sagala rupina bade dipulangkeun, hutang-hutangna bade dibebaskeun." Sim kuring manggil imam-imam. Kapala-kapala tea sina sarumpah di hareupeun imam-imam sangkan jangjina dilaksanakeun.

¹³ Geus kitu sim kuring ngudar beubeur tina cangkeng seug dikebutkeun, bari ngucap kieu, "Upama aranjeun henteu nekanan jangji, baris dikebutkeun ku Allah. Imah aranjeun saeusina baris dimusnakeun, moal aya nu disesakeun." Anu karumpul bareng nyebut, "Amin," dituluykeun ku muji ka PANGERAN. Jangji kapala-kapala tea enya dilaksanakeun.

¹⁴ Geus dua belas taun sim kuring jadi gupernur tanah Yuda, nya eta ti taun kadua puluh nepi ka taun katilu puluh dua Artahsasta jumeneng raja, sim kuring can kungsi ngasaan kadaharan anu pantes keur gupernur. Baraya-baraya nya kitu keneh.

¹⁵ Gupernur-gupernur nu tihareula mah digarawena teh sok ngabeungbeuratan rahayat, saban poe mundut ka rahayat 40 uang perak, keur meuli kadaharan jeung

anggur. Pagawe-pagawena oge ka rahayat teh wani meres. Sim kuring mah jelema anu sieun ku Allah, palias kitu.

¹⁶ Jeung boro-boro mikirkeun hayang boga tanah, katungkulkeun kana pagawean ngawangun deui kuta tea. Anu digarawe di sim kuring oge marilu marantuan digawe.

¹⁷ Dina waktu-waktu anu angger sim kuring geus biasa mere dahar ka saratus lima puluh urang Yahudi jeung kapala-kapalana, can kaitung semah-semah ti bangsa-bangsa tatangga anu nyaremah ka sim kuring.

¹⁸ Saban poe meuncit sapi hiji, domba pilihan genep, hayam pirang-pirang, sarta sapuluh poe sakali nyadiakeun anggur rupa-rupa. Kilang kitu sim kuring tara menta ditunjang sakumaha hak gupernur, lantaran terang rahayat teh beurat tanggunganana.

¹⁹ Nun Allah, ieu sagala rupi ihtar jisim abdi enggoning nalang sareng nulung dulur-dulur, disanggakeun ka Gusti.

6 ¹ Sanbalat, Tobia, Gesyem jeung sakur anu ngamusuh ka urang mareunang beja, yen kuta geus angeus, anu gararowongna kabeh geus katutup, kari masangkeun lawang-lawang jalan asupna.

² Sanbalat jeung Gesyem ngirim utusan ka sim kuring, cenah sim kuring kudu nepungan di hiji kampung, di Lebak Ono. Eta teh akalna, arek nyilakakeun ka sim kuring.

³Ku sim kuring dijawab, "Teu tiasa. Keur aya padamelan penting, bilih katunda lantaran nepangan aranjeun."

⁴Mentana ditemenan teh geus opat kali, sarta unggal-unggal ku sim kuring dijawabna sarua.

⁵Kalima kalina, utusanana teh mawa surat teu make amplop.

⁶Kieu suratna, "Kenging wartos ti Gesyem, yen jalmi-jalmi anu disakuriling rame gehger majar anjeun sareng urang Yahudi bade barontak, eta margina anjeun ngomean kuta. Sanggem Gesyem deui, anjeun bade ngajenengkeun maneh jadi raja,

⁷parantos ngajenengkeun nabi-nabi kangge ngembarkeun di Yerusalem yen anjeun jadi raja di tanah Yuda. Hal ieu tangtos parantos kadangu ku Kangjeng Raja. Kitu nu mawi perlu urang tepang ngabarempagkeun perkawis eta."

⁸Ku sim kuring dijawab, "Anu disaurkeun ku anjeun taya hiji anu bukti. Jijieunan anjeun bae."

⁹Maranehna nyoba-nyoba nyingsieunan ngarah pagawean bongkor. Sim kuring neneda, "Nun Allah, mugi abdi-abdi dipaparin kakuatan!"

¹⁰Geus kitu sim kuring nganjang ka Semaya bin Delaya incu Mehetabel, lantaran manehna teu bisa ninggalkeun imah. Manehna ngomongan ka sim kuring, "Bapa, urang

nyumput sareng abdi di Kamar Suci di Bait Allah, pantona urang tulakan, margi bade aya anu ka darieu seja nelasan ka Bapa. Boa wengi ieu ge darongkap."

¹¹ Jawab sim kuring, "Bapa mah teu biasa manglumpatkeun jeung lain tukang nyumput. Naha ku nyumput di Bait Allah teh Bapa bisa salamet? Embung Bapa mah."

¹² Sanggeus dipikiran, tetela eta omongan Semaya teh lain ti Allah, tapi ti Sanbalat jeung Tobia, anu geus nyogok ka manehna sina pura-pura pupulih kitu ka sim kuring.

¹³ Semaya ku maranehna disewa sina nyingsieunan sangkan kuring nyieun dosa, sangkan maranehna bisa ngaragragkeun ngaran sim kuring jeung ngarendahkeun martabat sim kuring.

¹⁴ Sim kuring neneda, "Nun Allah, emutkeun eta kalakuan Tobia sareng Sanbalat. Mugia maranehna dihukum ku Gusti. Sing emut oge ka awewe anu nami Nodiah, sareng ka nabi-nabi sanesna anu kapungkur nyobi-nyobi nyingsieunan ka abdi."

¹⁵ Sanggeus lima puluh dua poe, dina tanggal dua puluh lima bulan Elul, kuta teh geus anggeus pisan.

¹⁶ Barang bejana nepi ka musuh-musuh sakurilingeun, maranehna jadi kacida kaeraanana, lantaran geus katembong ku sarerea yen eta pagawean teh kalayan pitulung Allah bisa rengse.

¹⁷ Sajeroning kitu, pamingpin-pamingpin urang Yahudi geus susuratan jeung Tobia.

¹⁸ Loba urang Yuda anu ngabatur ka Tobia, dumeh mitohana urang Yahudi, nya eta Sekanya bin Arah. Turug-turug Yohanan, anakna, boga rabi ka anak Mesulam bin Berekya.

¹⁹ Sanajan Tobia teu eureun-eureun nyingsieunan sim kuring dina surat-suratna, tapi ku eta jelema-jelema teh teu weleh dialem di hareupeun sim kuring, sarta saomong-omong sim kuring ku maranehna sok ditepikeun ka Tobia.

7 ¹Ayeuna kuta geus anggeus. Lawang-lawangna geus dipasang. Tukang-tukang jaga, para jurukawih, jeung urang Lewi lianna geus nyarekel tugasna masing-masing.

² Sim kuring ngangkat dua jelema pikeun ngatur kota Yerusalem, nya eta Hanani dulur sim kuring, jeung Hananya, kapala kawasa leuweung. Hananya jelema pinter tur sieun ku Allah, taya sasamana.

³ Ku sim kuring diomongan, yen lawang-lawang kota Yerusalem lamun acan bray isuk jeung panonpoe acan moncorong, ulah waka dibuka. Jeung samemeh kawal-kawal daratang ngajaga pabuburit, salawasna kudu ditutup sarta dipalang. Jaba ti eta kudu neundeun jelema ti kota Yerusalem, sawareh sina ngarajaga di garduh-garduh. Sawareh

deui kudu ngaronda sabudeureun imahna masing-masing.

⁴ Yerusalem teh kota gede, tapi pangeusina acan sakumaha lobana, imah oge loba anu can dijieu.

⁵ Sim kuring kenging ilham ti Allah, kudu ngumpulkeun dulur-dulur jeung kapala-kapala sarta pamingpin-pamingpinna, kudu ditaliti sajarah karuhunna. Tina daptar anu marulang ti heula ti pangboyongan, nurutkeun catetanana kieu:

⁶ Loba pisan anu marulang ti pangbuangan di Babul teh, marulang ka Yerusalem jeung Yuda, ka lemburna masing-masing. Caricingna di ditu ti barang diboyong ku Raja Nebukadnesar.

⁷ Kapala-kapalana nya eta: Serubabel, Yosua, Nehemia, Asarya, Raamya, Nahamani, Mordekai, Bilsan, Misperet, Bigwai, Nehum jeung Baana.

⁸ (7: 8-25) Ieu daptar golongan-golongan Israil, katut jumlah lobana anu marulang ti pangbuangan: Golongan Paros 2.172; Golongan Sepaca 372; Golongan Arah 652; Golongan Pahat Moab (turunan Yesua jeung Yoab) 2.818; Golongan Elam 1.254; Golongan Satu 845; Golongan Sakai 760; Golongan Binui 648; Golongan Bebai 628; Golongan Asgad 2.322; Golongan Adonikam 667; Golongan Bigwai 2.067; Golongan Adin 655; Golongan Ater (anu katelah Hiskia) 98;

Golongan Hashum 328; Golongan Besai 324;
Golongan Harip 112; Golongan Gibon 95.

⁹(7:8)

¹⁰(7:8)

¹¹(7:8)

¹²(7:8)

¹³(7:8)

¹⁴(7:8)

¹⁵(7:8)

¹⁶(7:8)

¹⁷(7:8)

¹⁸(7:8)

¹⁹(7:8)

²⁰(7:8)

²¹(7:8)

²²(7:8)

²³(7:8)

²⁴(7:8)

²⁵(7:8)

²⁶(7:26-38) Anu marulang ka tempat-tempat asal karuhunna: Urang Betlehem jeung Netopa 188; Urang Anatot 128; Urang Bet Asmawet 42; Urang Kiryat Yarim, Kepira jeung Berot 743; Urang Ramah jeung Geba 621; Urang Mikmas 122; Urang Betel jeung Ai 123; Urang Nebo lianna 52; Urang Elam lianna 1.254; Urang Harim 320; Urang Yeriho 345; Urang Lod, Hadid jeung Ono 721; Urang Senaa 3.930.

²⁷(7:26)

²⁸(7:26)

29 (7: 26)

30 (7: 26)

31 (7: 26)

32 (7: 26)

33 (7: 26)

34 (7: 26)

35 (7: 26)

36 (7: 26)

37 (7: 26)

38 (7: 26)

39 (7: 39-42) Daptar golongan-golongan imam anu marulang ti pangbuangan: Golongan Yedaya (turunan Yesua) 973; Golongan Imer 1.052; Golongan Pashur 1.247; Golongan Harim 1.017.

40 (7: 39)

41 (7: 39)

42 (7: 39)

43 (7: 43-45) Golongan-golongan urang Lewi anu marulang ti pangbuangan: Golongan Yesua jeung Kadmiel (turunan Hodawia) 74; Golongan tukang-tukang musik Bait Allah (turunan Asap) 148; Golongan tukang-tukang jaga Bait Allah (turunan Salum, Ater, Talmon, Akub, Batita jeung Sobai) 138.

44 (7: 43)

45 (7: 43)

46 (7: 46-56) Golongan kuli-kuli Bait Allah anu marulang ti pangbuangan: Siha, Hasupa, Tabaot, Keros, Sia, Padon, Lebana, Hagaba, Salmai, Hanan, Gidel, Gahar, Raya,

Resin, Nekoda, Gasam, Usa, Paseah, Besai,
Mehunim, Nepusim, Bakbuk, Hakupa, Harhur,
Baslit, Mehida, Harsa, Barkos, Sisera, Tema,
Nesia jeung Hatipa.

⁴⁷ (7: 46)

⁴⁸ (7: 46)

⁴⁹ (7: 46)

⁵⁰ (7: 46)

⁵¹ (7: 46)

⁵² (7: 46)

⁵³ (7: 46)

⁵⁴ (7: 46)

⁵⁵ (7: 46)

⁵⁶ (7: 46)

⁵⁷ (7: 57-59) Golongan abdi-abdina Suleman
anu marulang ti pangbuangan: Sotai,
Soperet, Perida, Yaala, Darkon, Gidel,
Sepaca, Hatil, Pokeret, Hasebaim jeung
Amon.

⁵⁸ (7: 57)

⁵⁹ (7: 57)

⁶⁰ Jumlah turunan kuli-kuli Bait Allah jeung
golongan abdi-abdina Suleman anu marulang
ti pangbuangan aya 392.

⁶¹ (7: 61-62) Anu kaasup ka golongan
Delaya, Tobia, jeung Nekoda aya 642.
Marulangna ti Tel Mela, Tel Harsa, Kerub,
Adon jeung Imer, tapi ieu mah teu bisa
dibuktikeun yen turunan Israil.

⁶² (7: 61)

⁶³ (7: 63-64) Golongan-golongan imam anu teu bisa nembongkeun sajarah turunanana nya eta: Hobaya, Hakos jeung Barsilai. (Karuhun golongan Imam Barsilai nikahna ka awewe ti golongan Barsilai urang Gilad, tuluy make ngaran mitohana.) Ku lantaran teu bisa nerangkeun saha karuhunna, maranehna ditolak tina kaimaman.

⁶⁴ (7: 63)

⁶⁵ Saur gupernur Yahudi maranehna mah teu meunang milu ngadahar tina kurban suci lamun can aya imam anu ngadeg nyepeng Urim jeung Tumim.

⁶⁶ (7: 66-69) Jumlah lobana anu marulang ti pangbuangan aya 42.360 jelema. Gandek-gandek lalaki jeung awewe aya 7.337 jelema. Para pamaen musik lalaki jeung awewe aya 245 jelema. Kuda 736; Bigal 245; Onta 435; Kalde 6.720.

⁶⁷ (7: 66)

⁶⁸ (7: 66)

⁶⁹ (7: 66)

⁷⁰ (7: 70-72) Barang-barang sumbangan pikeun ongkos ngomean Bait Allah: Ti gupernur: emas 8 kilo, pinggan paranti upacara 50, jubah imam 530; Ti kapala-kapala warga: emas 168 kilo, perak 1.250 kilo; Ti dulur-dulur lianna: emas 168 kilo, perak 140 kilo, jubah imam 67.

⁷¹ (7: 70)

⁷² (7: 70)

⁷³ Imam-imam, urang Lewi, tukang-tukang jaga Bait Allah, para pamaen musik, sajumlah rahayat biasa, kuli-kuli Bait Allah kabeh bangsa Israil caricingna di desa jeung di dayeuh di tanah Yuda.

8 ¹Nincak bulan katujuh, urang Israil geus marerenah di satempat-tempatna. Dina tanggal hiji bulan eta kabeh ka Yerusalem, kumpul di alun-alun deukeut Gapura Cai. Maranehna menta ka Imam Esra, anu ahli kana Hukum anu ku PANGERAN dipaparinkeun ka Musa pikeun urang Israil, supaya eta Kitab Hukum teh dicandak.

²Ku Esra kitab teh dicandak ka tempat kumpul, ka dulur-dulur, lalaki, awewe, jeung barudak anu geus aya pangartina.

³Seug Hukum teh diaos di dinya, di alun-alun deukeut gapura, ti isuk nepi ka burit, didarengekeun kalawan saregep.

⁴Esra ngaosna ngadeg dina panggung beunang ngahaja nyieun keur eta kaperluan. Ti tengeneunana digondeng ku Matica, Sema, Anaya, Uria, Hilkia jeung Maaseya. Ti kiwaeunana ku Pedaya, Misael, Malkia, Hashum, Hasbadana, Jakaria jeung Mesulam.

⁵Jelema-jelema panonna kabeh mencrong ka Esra dina panggung anu luhur. Barang eta kitab ku Esra dibuka, jalma-jalma teh jung narangtung.

⁶Pok Esra sasauran, "Mulyakeun PANGERAN, Allah Nu Maha Agung!" Ditema ku jalma rea,

"Amin! Amin!" bari naradahkeun leungeun, tuluy sarujud ka PANGERAN.

⁷ Geus kitu carengkat deui, narangtung di satempat-tempatna. Ti dinya anu diaos teh diterangkeun maksudna ku urang Lewi, nya eta ku Yesua, Bani, Serebya, Yamin, Akub, Sabtai, Hodia, Maaseya, Kelita, Asarya, Yosabad, Hanan jeung Pelaya.

⁸ Mimitina disalin heula ku lisan sabagian-sabagian, tuluy diterangkeun pihartieunana sangkan kaharti ku hadirin.

⁹ Barang ngadarenge hal anu diparentahkeun ku eta Hukum, jelema-jelema teh mani pating hareruk terus careurik. Seug gupernur Nehemia, Imam Esra ahli Hukum, jeung urang Lewi anu nerangkeun eta Hukum sasauran ka maranehna, saurna, "Poe ieu teh suci pikeun PANGERAN Allah maraneh, ulah dipake sedih jeung ceurik.

¹⁰ Geura baralik, pesta masing suka. Dulur-dulur anu dahareunana jeung anggurna kurang kudu pada marere. Poe ieu suci pikeun PANGERAN, jadi ulah dipake nalangsa. Sing suka bungah ku karana PANGERAN sangkan kuat."

¹¹ Urang Lewi tarurun tuluy ngalilipur, pokna ulah nalangsa dina poe anu sakieu sucina.

¹² Bral jelema-jelema teh baralik, tuluy balakecrakan sukan-sukan, bari babagi ka nu sejen, bungah lantaran bisa ngaharti ka anu tadi dipangmacakeun.

¹³Poe isukna, kapala-kapala warga, dibarengan ku imam-imam jeung urang Lewi ngadareuheus ka Esra, rek diajar ngahartikeun Hukum PANGERAN.

¹⁴Seug kanyahoan, yen dina eta Hukum paparin ti Allah ku perantaraan Musa teh aya katangtuan, yen salila Pesta Saung Daun, urang Israil kudu caricing di saung-saung.

¹⁵Ku sabab eta tuluy nyieun pangumuman, diembarkeun ka sakuliah Yerusalem jeung ka desa-desa katut lembur-lemburna. Unina, "Kudu naranjak ka pasir-pasir, ngarala pangpang-pangpang anu daunna gomplok, kayaning: camara, jetun, caringin, palem, keur nyieun saung, nedunan parentah anu kaungel dina Kitab Hukum."

¹⁶Seug jelema-jelema narutuhan dahan, tuluy dijarieun saung. Aya nu di luhur imah da hateup imahna teh papak, aya nu di buruanana, aya nu di buruan Bait Allah anu kakuringku tembokan, aya nu di alun-alun deukeut ka Gapura Cai jeung Gapura Epraim.

¹⁷Sakur anu marulang ti pangbuangan kabeh nyaung-nyaung. Ti jaman Yosua putra Nun, kakara harita adat anu kitu dijalankeun deui. Jalma-jalma kabeh saruka ati.

¹⁸Ti mimiti pesta nepi ka tutup, Hukum Allah dibaca saban poe sabagian-sabagian. Ari lilana pesta kitu teh tujuh poe. Dina poe kadalapanna diayakeun upacara tutup pesta, luyu jeung ungel Kitab Hukum tea.

9¹ (9: 1-2) Dina tanggal dua puluh opat bulan eta keneh, urang Israil kumpul, arek paruasa nyirikeun kaduhung ku dosa-dosana. Masing-masing geus nyegah maneh tina campur jeung bangsa batur. Mararake karung, nareundeun lebu dina sirah, ciri prihatin. Deg narangtung, rek ngakukeun dosana jeung dosa karuhunna.

² (9: 1)

³ Tuluy dipangmacakeun Hukum PANGERAN Allahna kurang leuwih tilu jam lilana, dituluykeun ku ngakukeun dosa-dosa sarta ngabakti ka PANGERAN Allahna, tilu jam deui lilana.

⁴ Di dinya aya panggung, dieusi ku urang Lewi nya eta: Yesua, Bani, Kadmiel, Sebanya, Buni, Serebya, Bani jeung Kenani, narangtung neneda ka PANGERAN Allahna, sorana ditarikkeun.

⁵ Yesua, Kadmiel, Bani, Hasabneya, Serebya, Hodia, Sebanya jeung Petahya, urang Lewi, ngayakeun uaran nyambat sembahyang, kieu nyambatna, "Geura narangtung, puji PANGERAN Allah panutan; mulyakeun salalanggengna. Puji jenengana-Na nu mulya, ku saban jalma, najan puji ti manusia kurang hargana."

⁶ Breng urang Israil ngunjukkeun paneda, kieu, "Nun PANGERAN, mung Gusti anu jumeneng PANGERAN. Gusti nu ngadamel sakuliah antariksa, nu ngadamel bentang-

bentang, Gusti ngadamel daratan, lautan saeusina, ngahirupan saniskara. Sadaya kakuatan langit ka Gusti sujud sumembah.

⁷ Nun GUSTI Allah, Gusti milih Abram, dicandak kaluar ti tanah Ur di Babul, namina digentos jadi Ibrahim.

⁸ Kauninga, anjeunna ka Gusti satia, Gusti ngadamel perjangjian sareng anjeunna. Gusti ngajangji, anjeunna bade dileler tanah urang Kanaan, tanah urang Het, tanah urang Emor, tanah urang Pares, tanah urang Yebus, tanah urang Girgas, baris jadi banjar karang pangancikan turunanana. Gusti ngabuktoskeun jangji kawantu Gusti teh tigin.

⁹ Karuhun abdi sangsara waktos di Mesir, Gusti waspaos. Gusti ngadangu panyambatna di Laut Beureum.

¹⁰ Gusti ngeunakeun mujijat-mujijat ka raja Mesir, ka para gegedenna, ka rahayatna, reh Gusti uninga umat Gusti ku eta dikaniaya. Gusti jadi kamashur dugi ka kiwari.

¹¹ Gusti ngadamel jalan di dasar laut, umat dituyun nyorang taneuh anu tuhur. Nu ngarudagna mah tilelep di dinya, lir batu ngalelep di laut anu keur motah.

¹² Umat ku Gusti diraksa di jalanna, siang ditungtun ku mega, wengi dicaangan ku tihang seuneu.

¹³ Di Gunung Sinai, Gusti lungsur ti sawarga, ka umat ngandika, maparin papakon sareng pangajaran-pangajaran sae.

¹⁴ Maranehna diwulang kedah kukuh kana Sabat Gusti, sareng ku perantaraan Musa, ku Gusti dipaparin papakon-papakon.

¹⁵ Ana maranehna lapar, dipaparin roti ti sawarga. Ana maranehna hanaang, dipaparin cai ngagolontor tina cadas. Ku Gusti ditimbalan asup ka tanah anu dijangji ku Gusti.

¹⁶ Nanging karuhun anggur adigung sareng bantahan, henteu narurut kana timbalan.

¹⁷ Maranehna embung tunduk, lali ka pitulung Gusti lali kana mujijat-mujijat Gusti. Nalika keur arangkuhna, maranehna milih kapala, sina nungtun wangsul deui ka Mesir, ka urutna kumawula. Nanging Gusti, Allah lautan hampura, sipat murah pinuh ku kanyaah, tara enggal-enggal amarah. Welas asih langkung-langkung, ka maranehna teu kersa ngantun.

¹⁸ Maranehna nyieun arca, rupi sasapien, diangkenna eta teh allah anu nuyun maranehna ti Mesir. Sakitu ngahinana eta teh ka Gusti, nun PANGERAN!

¹⁹ Najan kitu basa keur aya di gurun, ku Gusti teu dikantunkeun, reh Gusti mah sipat welas. Mega sareng tihang seuneu tea, ku Gusti teu dicandak sirna, tetep nuduhan jalanna, siangna sareng wengina.

²⁰ Gusti anu mulya manah, nuduhan kedah kumaha. Maparin manna keur tedaеunana, maparin cai keur ngarinumna.

²¹ Di gurun keusik opat puluh taun lamina, dicekapan sugri kaperluanana. Pakeananan tara dugi ka rajet dampal sukuna teu dugi ka marelepuh.

²² Dina perang ngayonan bangsa-bangsa, ngarebut karajaan-karajaan sareng tanah-tanah sabudeureunana, ku Gusti dipaparin kaunggulan. Maranehna ngarebut tanah Hesbon, anu digeugeuh ku Sihon. Ngarebut tanah Basan, anu ku Og dirajaan.

²³ Dipaparin seueur turunan, lir bentang di langit tanpa wilangan. Diancikkeun dina tanah beunangna ngarebut, tanah nu ku Gusti dijangjikeun ka karuhunna.

²⁴ Maranehna ngarebut tanah Kanaan, jalmi-jalmi urang dinya ku Gusti kasoran. Umat Gusti dipaparin kawasa, tiasa samemena ka urang Kanaan sareng ka raja-rajana.

²⁵ Umat Gusti ngarebut kota-kota anu dibenteng, ngarebut tanah-tanah anu salubur, imah-imah nu pinuh ku harta banda, ngarebut bendungan-bendungan, tangkal-tangkal jetun, tangkal-tangkal bubuhan, kebon-kebon anggur. Sagala pangabeukina kasorang, awakna lalingsig, ku Gusti dipaparin rupi-rupi kasenangan.

²⁶ Nanging eta umat Gusti teh barontak, ka Gusti ngalawan. Hukum Gusti ditukangan. Nabi-nabi nu ngemutan, nu ngajak tobat ka Gusti, diparaahan. Salamina eta teh ngahina bae ka Gusti.

²⁷ Kitu nu mawi ku Gusti diselehkeun ka musuhna, dijajah ku musuh-musuhna. Sabot sangsara mah sasambat neda pitulung ka Gusti. Panyambatna ku Gusti didangu ti sawarga. Gusti anu maha welas, maparin para pamingpin, anu ngaleupaskeun maranehna ti musuh-musuhna.

²⁸ Nanging ari parantos salamet mah prak deui ngadamel dosa. Ku Gusti diselehkeun deui ka musuhna. Nanging ana tararobat, tur nyuhunkeun dirahayukeun, ku Gusti ti sawarga tara teu didangu, ku Gusti dijait, bawaning ku mikawelas.

²⁹ Ku Gusti dipepelinan, kedah tumut kana timbalan-timbalan. Nanging kalah ka adigung, papakon-papakon Gusti ditolak. Padahal tumut kana Hukum Gusti teh matak rahayu jamuga hirup. Ari maranehna mah nolak, kawantu adatna bedegong, wangkelang.

³⁰ Ti taun ka taun Gusti teu weleh nyabaran, teu weleh ngelingan. Gusti maparin ilham ka nabi-nabi, sina maparin wawadi. Nanging nu diwawadian anggur notorekkeun maneh, nu mawi ku Gusti diselehkeun ka bangsa-bangsa lian.

³¹ Nanging piwelas Gusti teu aya watesna, maranehna teu dikantunkeun, teu dimusnakeun. Gusti teh Allah anu sipat murah sipat welas.

³² Nun Allah, nun Panutan, Gusti sakalangkung agung! Langkung pikagimireun,

langkung kawasa! Nanging satia kana sagala jangji. Abdi-abdi ti jaman digencet ku raja-raja Asur, dugi ka ayeuna langkung-langkung nya sangsara! Raja-raja abdi, para kapala, para imam, nabi-nabi, para karuhun, dulur-dulur sadayana, ngarandapan sangsara. Mugi kaemut, abdi-abdi sakieu sangsarana!

³³ Mugi ngahukum abdi-abdi kalayan adilna. Sanajan abdi-abdi parantos dosa, Gusti mah tetep satia.

³⁴ Karuhun-karuhun abdi, raja-raja, para imam, para kapala, teu narohonan Hukum Gusti. Henteu ngagarugu kana timbalan sareng pangeling-ngeling ti Gusti.

³⁵ Gusti ngaberkahan raja-raja nu marentah ka umat Gusti, di tanah anu nya lega nya subur. Nanging maranehna teu daraek eling tina dosana, ka Gusti henteu ngabakti.

³⁶ Ayeuna abdi sadaya, di tanah sorangan jadi badega, nya di tanah anu sakieu suburna, paparin ti Gusti tea.

³⁷ Hasil bumi asupna ka raja-raja, anu ku Gusti diwenangkeun ngajajah abdi sadaya, dumeh abdi-abdi gaduh dosa. Kalakuan raja-raja ka abdi-abdi sareng ka ingon-ingon kacida sakama-kamana, bati nalangsa kabina-bina!"

³⁸ Ku lantaran eta sagala perkara, urang teh urang Israil, ayeuna nyieun ieu ikrar, tur ditulis jeung ditanda ku para pamingpin, ku urang Lewi, jeung ku para imam.

10¹ Anu pangheulana nanda eta ikrar perjangjian nya eta gubernur Nehemia bin Hakalya, tuluy Sidkia. Nu sejenna:

²(10: 2-8) Para imam: Seraya, Asarya, Yermia, Pashur, Amarya, Malkia, Hatus, Sebanya, Maluk, Harim, Meremot, Obaja, Daniel, Gineton, Baruk, Mesulam, Abiya, Miyamin, Maasia, Bilgai jeung Semaya.

³(10: 2)

⁴(10: 2)

⁵(10: 2)

⁶(10: 2)

⁷(10: 2)

⁸(10: 2)

⁹(10: 9-13) Urang Lewi: Yesua bin Asanya, Binui, ti warga Henadad, Kadmiel, Sebanya, Hodia, Kelita, Pelaya, Hanan, Mika, Rehob, Hasabya, Sakur, Serebya, Sebanya, Hodia, Bani jeung Beninu.

¹⁰(10: 9)

¹¹(10: 9)

¹²(10: 9)

¹³(10: 9)

¹⁴(10: 14-27) Pamingpin-pamingpin: Paros, Pahat Moab, Elam, Satu, Bani, Buni, Asgad, Bebai, Adonia, Bigwai, Adin, Ater, Hiskia, Asur, Hodia, Hashum, Besai, Harip, Anatot, Nebai, Magpias, Mesulam, Hesir, Mesesabel, Sadok, Yadua, Pelaca, Hanan, Anaya, Hosea, Hananya, Hasub, Halohes, Pilha, Sobek,

Rehum, Hasabna, Maaseya, Ahia, Hanan,
Anan, Maluk, Harim jeung Baana.

15 (10: 14)

16 (10: 14)

17 (10: 14)

18 (10: 14)

19 (10: 14)

20 (10: 14)

21 (10: 14)

22 (10: 14)

23 (10: 14)

24 (10: 14)

25 (10: 14)

26 (10: 14)

27 (10: 14)

28 Kaula kabeh, rahayat Israil, para imam,
urang Lewi, para pangawal Bait Allah, para
pamaen musik Bait Allah, kuli-kuli Bait
Allah, jeung lian-lianna, sakur anu tunduk
kana Hukum Allah, geus marisahkeun diri ti
jalma-jalma urang asing anu caricing di nagri
kaula kabeh, oge pamajikan jeung anak anu
geus aya pangartina.

29 Kaula kabeh, bareng jeung para
pamingpin, ngikrarkeun sumpah anu diancam
ku panyapa saupama ngalanggar eta sumpah,
yen: Kaula kabeh sumeja hirup nurutkeun
Hukum Allah, anu ku Allah dipaparinkeun
ku perantaraan abdi-Na, Musa. Kaula kabeh
sumeja tunduk kana sakabeh timbalan-
timbalan PANGERAN, Allah kaula kabeh.

Kaula kabeh nyekel sagala papakon-Na jeung sagala sarat-sarat-Na.

³⁰Kaula kabeh moal boga rabi ka bangsa sejen anu marukim di tanah kaula kabeh.

³¹Kaula kabeh moal rek meuli gandum atawa naon bae anu ku bangsa sejen dijual dina poe Sabat, atawa dina poe-poe sejenna anu disucikeun. Tujuh taun sakali, hasil-hasil tanah moal dipiboga, pihutang-pihutang rek ditalangan.

³²Saban taun kaula kabeh baris iuran perak masing-masing lima gram, pikeun ngabantu ngabalanjaan Bait Allah.

³³Kaula kabeh baris nyadiakeun kaperluan-kaperluan geusan babakti di Bait Allah: Roti sasajen, gandum keur kurban poean, sato-sato keur kurban beuleuman, derma suci pikeun Sabat, pikeun Pesta Bulan Anyar, pikeun pesta-pesta lianna, derma-derma suci lianna, derma-derma panebus dosa Israil, jeung sagala rupa kaperluan Bait Allah.

³⁴Kaula kabeh, rahayat, para imam, urang Lewi, saban taun baris ngalotre golongan mana anu kudu nyadiakeun suluh, keur ngaduruk kurban-kurban sanggakeuneun ka PANGERAN, Allah kaula kabeh, luyu jeung ungel Hukum.

³⁵Kaula kabeh, saban taun ka Bait Allah baris nyanggakeun gandum panen cikal, jeung bubuhan anu asakna dina tangkal pangheulana.

³⁶Tiap-tiap anak cikal anu lalaki, baris dideuheuskeun ka imam di Bait Allah, disembahkeun ka Allah, luyu jeung nu kaungel dina Hukum. Kitu oge anak sapi cikalna, anak domba cikalna, anak embe cikalna.

³⁷Kaula kabeh, pikeun para imam di Bait Allah, baris ngahaturanan adonan tipung tarigu tina panen cikal saban taun, anggur, minyak jetun, jeung rupa-rupa bubuahan. Ka urang Lewi, kaula kabeh baris mere perpuluhan tina hasil tani desa-desa, perpuluhan palawija.

³⁸Urang Lewi anu mupul perpuluhan kudu dibarengan ku imam-imam turunan Harun. Hasil pungutan perpuluhan tea ku urang Lewi kudu disimpen sapersapuluhna di kamar simpen di Bait Allah, pikeun kaperluan Bait Allah.

³⁹Iuran-iuran rupa gandum, anggur jeung minyak jetun, ku rahayat Israil jeung ku urang Lewi kudu dibawa ka kamar simpen tempat nyimpen paparabotan Bait Allah, anu dipake ku para imam anu keur tugas, ku pangawal-pangawal Bait Allah, jeung ku para pamaen musik. Kaula kabeh moal ngalalaworakeun ngarawat Bait Allah panutan kaula kabeh.

11 ¹Nu nyaricingan Yerusalem teh nya eta para kapala. Nu salianna mah dilotre heula, hiji kulawarga ti tiap sapuluh

kulawarga, pikeun nangtukeun saha anu kudu cicing di Yerusalem, kota suci. Sasesana, caricingna di kota-kota jeung di desa-desa lianna.

²Anu suka rela menta cicing di Yerusalem, mani pada maruji ku sarere.

³Urang Israil, para imam, urang Lewi, kuli-kuli Bait Allah, jeung turunan abdi-abdina Suleman anu marukimna di kota-kota jeung desa-desa lianna, caricingna teh di tanah milikna masing-masing, satempatna-satempatna. Kapala-kapala warga kota ti propinsi Yuda anu caricing di Yerusalem, ieu daptarna.

⁴Anggota kaom Yuda: Ataya bin Usia incu Jakaria. Karuhun-karuhun anu sejenna nya eta Amarya, Sepaca, jeung Mahalalel turunan Peres bin Yuda.

⁵Maaseya bin Baruk incu Kolhose. Karuhun-karuhunna anu sejenna nya eta Hasaya, Adaya, Yoyerib, jeung Jakaria, turunan Sela bin Yuda.

⁶Ti turunan Peres, anu caricing di Yerusalem aya 468 urang, jelema-jelema penting.

⁷Anggota kaom Binyamin: Salu bin Mesulam incu Yoed. Karuhun-karuhunna anu sejen nya eta Pedaya, Kolaya, Maaseya, Itiel, jeung Yesaya.

⁸Gabai jeung Salai, baraya deukeutna Salu. Urang Binyamin anu caricingna di Yerusalem kabehna 928 urang,

⁹dikapalaan ku Yoel bin Sikri, jeung Yuda bin Hasenua, anu jadi wakil kawasa kota.

¹⁰Para imam: Yedaya bin Yoyerib, jeung Yakin.

¹¹Seraya bin Hilkia incu Mesulam. Karuhun-karuhunna anu sejen nya eta Sadok, Merayot, jeung Ahitub, anu jadi Imam Agung.

¹²Ti ieu warga kabehna 822 urang, kabeh baroga tugas di Bait Allah. Adaya bin Yerobam incu Pelalya. Karuhun-karuhunna kaasup Amsi, Jakaria, Pashur, jeung Malkia.

¹³Ti ieu warga kabehna aya 242 urang, kabeh kapala-kapala kulawarga. Amasai bin Asarel incu Ahsai. Karuhun-karuhunna kaasup oge Mesilemot, jeung Imer.

¹⁴Ti ieu warga kabehna 128 urang, kabeh jaradi perjurit petingan, dikapalaan ku Sabdiel, hiji anggota kulawarga anu penting.

¹⁵Urang Lewi: Semaya bin Hasub incu Asrikam. Karuhun-karuhunna kaasup oge Hasabya jeung Buni.

¹⁶Sabetai jeung Yosabad, urang Lewi anu penting, tugasna ngawaskeun pagawean di luareun Bait Allah.

¹⁷Matanya bin Mika incu Sabdi, turunan Asap. Jadi pamingpin jurukawih Bait Allah pikeun mirig doa sukur. Bakbukya, anu ngabantu Matanya. Abda bin Samua incu Galal, turunan Yedutun.

¹⁸Urang Lewi anu caricing di kota suci Yerusalem kabehna 284 urang.

¹⁹ Pangawal-pangawal Bait Allah: Akub, Talmon jeung sakulawargana, 172 urang.

²⁰ Urang Israil sasesana, para imam lianna jeung urang Lewi, caricingna di kota-kota jeung desa-desa lianna di Yuda, di tanah milikna masing-masing.

²¹ Kuli-kuli Bait Allah caricingna di Opel, hiji tempat di Yerusalem, pangawasna Siha jeung Gispa.

²² Pangawas urang Lewi anu caricing di Yerusalem nya eta Usi bin Bani incu Hasabya. Karuhun-karuhunna kaasup oge Matanya jeung Mika. Kaasup warga Asap, warga tukang musik dina upacara-upacara di Bait Allah.

²³ Ngeunaan ieu golongan geus aya aturan karajaan hal giliranana mingpin musik di Bait Allah unggal-unggal poe.

²⁴ Petahya bin Mesesabel ti golongan Sera jeung kaom Yuda, ngawakilan bangsa Israil di Gedong Pangadilan Nagri Persia.

²⁵ Rahayat loba anu maratuhna di desa-desa deukeut tanah pertanianana. Kaom Yuda di Kiryat Arba, Dibon jeung Yekabsel jeung di kampung-kampung anu dareukeut ka dinya.

²⁶ Aya oge anu caricing di kota Yesua, kota Moladah, kota Bet Pelet,

²⁷ jeung kota Hasarsual, jeung di Bersyeba sarta desa-desa di sakurilingeunana.

²⁸ Di kota Siklag, di kota Mekona jeung di desa-desana,

²⁹di kota Enrimon, di kota Sora, di kota Yarmut,

³⁰di kota Sanoa, di kota Adulam, jeung di desa-desa anu dareukeut ka dinya.

Maranehna maratuhna di Lakis jeung di lahan-lahan deukeut eta, jeung di Aseka katut di desa-desana. Tegesna, urang Yuda teh maratuhna di wewengkon antara Bersyeba di beulah kidul jeung Lebak Hinom di beulah kaler.

³¹ Urang kaom Binyamin maratuhna di Geba, Mikmas, Ai, Betel jeung di desa-desa anu dareukeut ka dinya.

³² Di Anatot, Nob, Ananya,

³³ Hasor, Ramah, Gitaim,

³⁴ Hadid, Seboim, Nebalat,

³⁵ Lod jeung Ono, jeung di Lebak Patukangan.

³⁶ Sawatara rombongan urang Lewi anu tadina maratuh di daerah Yuda, dititah maratuhna ngahiji jeung urang Binyamin.

12¹ Ieu daptar para imam jeung urang Lewi, anu marulangna ti pangbuangan dipingpin ku Serubabel bin Sealtiel, bareng jeung Imam Agung Yesua:

²(12: 2-7) Para imam: Seraya, Yermia, Esra, Amarya, Maluk, Hatus, Sekanya, Rehum, Meremot, Ido, Ginetoi, Abiya, Miyamin, Maaja, Bilgah, Semaya, Yoyerib, Yedaya, Salu, Amok, Hilkia, jeung Yedaya. Eta teh imam-imam kapala keur jaman Yosua.

³(12: 2)

⁴(12: 2)

⁵(12: 2)

⁶(12: 2)

⁷(12: 2)

⁸Urang Lewi: Yesua, Binui, Kadmiel,
Serebya, Yuda jeung Matanya, anu
ngawihkeun kidung pangucap sukur.

⁹Bakbukya, Uno, jeung sababaturanana,
para jurukawih anu papancenna nema
kidung.

¹⁰Yosua ramana Yoyakim; Yoyakim ramana
Elyasib; Elyasib ramana Yoyada;

¹¹Yoyada ramana Yonatan; Yonatan ramana
Yadua.

¹²(12: 12-21) Ieu para imam anu jaradi
kapala golongan imam, waktu Yoyakim jadi
Imam Agung: Meraya, golongan Seraya.
Hananya, golongan Yermia. Mesulam,
golongan Esra. Yohanan, golongan Amarya.
Yonatan, golongan Maluki. Yusup, golongan
Sebanya. Adna, golongan Harim. Helkai,
golongan Merayot. Jakaria, golongan Ido.
Mesulam, golongan Gineton. Sikri, golongan
Abia. golongan Minyamin. Piltai, golongan
Moaja. Samua, golongan Bilgah. Yonatan,
golongan Semaya. Matnai, golongan Yoyerib.
Usi, golongan Yedaya. Kalai, golongan Salai.
Eber, golongan Amok. Hasabya, golongan
Hilkia. Netanel, golongan Yedaya.

¹³(12: 12)

14 (12: 12)

15 (12: 12)

16 (12: 12)

17 (12: 12)

18 (12: 12)

19 (12: 12)

20 (12: 12)

21 (12: 12)

22 Para kapala kulawarga urang Lewi jeung kulawarga imam dicatetna dina keur jaman Imam-imam Agung Elyasib, Yoyada, Yonatan, jeung Yadua. Eta catetan, anggeusna dina jaman Darius jadi raja di Persia.

23 Tapi ari para kapala kulawarga-kulawarga urang Lewi mah kacatetna kalawan resmi teh ngan nepi ka jaman Yonatan putu Elyasib.

24 Urang Lewi diatur jadi sababaraha rombongan. Aya dua rombongan anu tugasna ngawihkeun kidung paranti ngagungkeun ka Allah jeung kidung pangucap sukur, nurutkeun aturan ti Raja Daud abdi Allah. Diaturna ku Hasabya, Serebya, Yesua, Binui, Kadmiel.

25 Tukang ngajaraga Bait Allah aya nu tugasna ngajaga kamar-kamar panyimpenan anu di deukeut lawang-lawang asup ka Bait Allah, nya eta Matanya, Bakbukya, Obaja, Mesulam, Talmon, Akub.

26 Maranehna harirupna keur jaman Yoyakim bin Yesua putu Yosadak, keur jaman Gupernur

Nehemia, jeung keur jaman Imam Esra, ahli Hukum tea.

²⁷ Waktu kuta Yerusalem diresmikeun, kabeh urang Lewi didatangkeun ti satempat-tempatna, geusan ngaria-ria ku kidung-kidung pangucap sukur, bari narabeuh kecrek jeung kacapi.

²⁸ Para jurukawih ti kulawarga-kulawarga urang Lewi, daratangna ti wewengkon-wewengkon sabudeureun Yerusalem, ti desa-desa sakurilingeun Netopa,

²⁹ ti Bet Gilgal, Geba jeung Asmawet.

³⁰ Ari para imam jeung urang Lewi ngajalankeun upacara nyucikeun, nyucikeun salira masing-masing, nyucikeun rahayat, nyucikeun lawang-lawang kuta, nyucikeun kuta.

³¹ Para pamingpin Yuda ku sim kuring dikumpulkeun di luhur kuta, terus dibagi jadi dua bagian gede pikeun ngurilingan kota ti dinya, bari nganyanyikeun pamuji sukur ka Allah. Rombongan kahiji ngurilingna di luhur kuta ka beulah katuhu, majuna ka Gapura Jarian.

³² Hosaya leumpangna tukangeun juru-juru kawih, dituturkeun ku saparo pamingpin-pamingpin Yuda.

³³ (12: 33-35) Disambung ku barisan imam anu nariup tarompet, nya eta: Asarya, Esra, Mesulam, Yuda, Binyamin, Semaya jeung Yermia. Ditukangeunana nya eta: Jakaria bin

Yonatan putu Semaya (karuhun-karuhunna kaasup oge Matanya, Mikaya jeung Sakur, warga Asap),

34 (12: 33)

35 (12: 33)

36 jeung rombongan anggota-anggota lianna ti warga anjeunna, nya eta: Semaya, Asarel, Milalai, Gilalai, Mayi, Netanel, Yuda jeung Hanani, kabeh mawa tatabeuhan anu sarua jeung tatabeuhan anu sok dianggo ku Raja Daud abdi Allah tea. Arak-arakanana diluluguan ku Esra ahli Hukum tea.

37 Sanggeus nepi ka Gapura Pancuran, arak-arakan nanjak ka bagian anu brasna ka Kota Daud, ngaliwatan karaton Daud, tuluy malik ka Gapura Cai, sisi kota beulah wetan.

38 Rombongan kadua anu nganyanyikeun pamuji sukur, ngurilingna di puncak kuta teh ka beulah kenca, dituturkeun ku sim kuring jeung saparona ti rahayat. Barisna ngaliwatan Munara Anglo terus ka Kuta Rubak.

39 Ti dinya terus ngaliwatan Gapura Epraim, Gapura Yesyana, Gapura Lauk, Munara Hananel, jeung Munara Saratus, terus ka Gapura Domba, eureunna di deukeut lawang asup ka Bait Allah.

40 Di dieu, di palataran Bait Allah, dua rombongan anu nganyanyikeun pamuji sukur teh amprok. Dina rombongan para pamingpin anu bareng jeung sim kuring,

⁴¹ aya imam-imam anu nariup tarompet, nya eta: Elyakim, Maaseya, Minyamin, Mikaya, Elyuenai, Jakaria jeung Hananya;

⁴² disambung ku: Maaseya, Semaya, Elasar, Usi, Yohanan, Malkia, Elam jeung Eser. Para jurukawih anu dipingpin ku Yesraya nyaranyi tarik, nyilep sora-sora sejaenna.

⁴³ Kurban-kurban anu disanggakeun poe eta kacida lobana. Dulur-dulur kabeh saruka bungah lantaran meunang kabagjaan ti Allah. Awewe-awewe jeung barudak oge marilu, sorana mani ngaguruh kadenge ka nu jarauh.

⁴⁴ Dina waktu eta, sababaraha jelema ditugaskeun ngawas kamar-kamar panyimpenan paranti nyimpen sumbangan-sumbangan pikeun Bait Allah, kaasup perpuahan jeung hasil bumi cikalna, jeung bubuhan nu geus arasak dina saban taun. Eta para pangawas wajib ngumpulkeun sumbangan-sumbangan tea ti lahan-lahan sakurilingeun kota-kota, pikeun para imam jeung urang Lewi, sakumaha nu diatur dina Hukum. Urang Yuda kabeh ngarasa suka ka eta para imam jeung urang Lewi,

⁴⁵ sabab maranehna teh purah ngajalankeun upacara-upacara nyucikeun jeung upacara-upacara lianna anu diparentahkeun ku Allah. Para pamaen musik jeung para pangawal Bait Allah oge ngajaralankeun kawajibana, luyu jeung aturan-aturan anu ditangtukeun ku Raja Daud jeung ku Suleman, putrana.

⁴⁶Ti baheula, ti jaman Raja Daud jeung ahli musik Asap, para pamaen musik geus biasa nganyanyikeun lagu-lagu pamuji sukur ka Allah.

⁴⁷Keur jaman Serubabel kitu deui jaman Nehemia, sakumna urang Israil saban poe mere sokongan pikeun nyokong para pamaen musik jeung para pangawal Bait Allah. Rahayat mere pangbakti anu disucikeun ka urang Lewi, ari urang Lewi mere ka para imam bagian anu geus ditangtukeun.

13¹Ti dinya dulur-dulur dipangmacakeun Hukum Musa, tarik kadenge ku sarerea. Macana nepi ka bagian anu unina ngalarang umat Allah campur jeung urang Amon atawa urang Moab.

²Lantaranana, keur mangsa Israil kaluar ti Mesir, keur di satengahing jalan, urang Amon jeung urang Moab ti batan mawakeun dahareun mawakeun cai, kalah ka ngongkos Balhum sina nyapa ka Israil. Sukur, panyapana ku Allah urang dirobah ngajadi berkah.

³Sanggeus ngadarenge ungel kitu, seug urang Israil misahkeun bangsa asing ti masarakatna.

⁴Ari Imam Elyasib, anu ngawas kamar-kamar sisimpenan Bait Allah, geus lila dalit jeung Tobia.

⁵Anjeunna ngidinan Tobia make hiji kamar di Bait Allah, tur kamarna lega. Eta kamar

saenyana ngan wungkul pikeun nyimpen bahan-bahan sasajen, gandum, seuseungitan, parabot Bait Allah, paranti nyimpen kurban perpuluhan keur para imam, paranti nyimpen perpuluhan gandum, anggur jeung minyak jetun, anu bakal dibagi-bagikeun ka urang Lewi, para pamaen musik Bait Allah jeung ka para pangawal Bait Allah.

⁶ Harita, nya eta dina taun katilu puluh dua Artahsasta jadi raja di Babul, sim kuring keur teu aya di Yerusalem, keur ka Babul nyanggakeun laporan ka raja. Sanggeus kawidian mulang,

⁷ tuluy mulang ka Yerusalem. Sim kuring kacida ngajenghokna barang terang yen Elyasib ngidinan Tobia make kamar di Bait Allah.

⁸ Awahing ku napsu, barang-barang Tobia ku sim kuring dibalang-balangkeun kabeh ka luar.

⁹ Sim kuring tuluy marentah supaya kamar-kamar teh diberesihan, disucikeun, sarta parabot-parabot Bait Allah, gandum kurbankeuneun, jeung seuseungitan, disimpanan deui dina parantina.

¹⁰ Meunang deui seja, para pamaen musik Bait Allah oge, kitu deui urang Lewi lianna, geus arindit ti Yerusalem, marulang ka tanah pertanianana masing-masing, lantaran sumbangan-sumbangan ti dulur-dulur teh teu cukup.

¹¹ Para pamingpin ku sim kuring diweweleh, lantaran ngantep Bait Allah dilalaworakeun kitu. Urang Lewi jeung para pamaen musik ku sim kuring dibawa deui ka Bait Allah, sina ngajalankeun kawajibana.

¹² Urang Israil ngirimkeun deui perpuluhanana ka kamar-kamar simpenan Bait Allah: gandum, anggur jeung minyak jetun.

¹³ Sim kuring ngangkat tilu jelema purah nitenan kamar-kamar sisimpenan, nya eta: Selemya, imam; Sadok, ahli Hukum; jeung Pedaya, urang Lewi. Dibere pangbantu saurang nya eta Hanan bin Sakur incu Matanya. Sim kuring yakin maranehna baris jalujur enggoning ngabagi-bagi sumbangan ka sasama pagawe.

¹⁴ Nun Allah panutan, ieu sagala ihtar abdi kangge Bait Allah kagungan Gusti sareng kangge babaktina, ku abdi disanggakeun ka Gusti.

¹⁵ Hiji waktu katingal ku sim kuring, urang Yuda mareres anggur dina poe Sabat. Aya oge anu keur ngamuatan kalde ku gandum, anggur, buah anggur, buah kondang, jeung salianna, tuluy ditarawa ka Yerusalem. Ku sim kuring dielingan ulah barang jual naon-naon dina poe Sabat.

¹⁶ Aya sawatara urang asal ti Tirus anu caricing di Yerusalem, dina poe Sabat teh

daragang lauk jeung rupa-rupa barang ka jero kota.

¹⁷ Pamingpin-pamingpin urang Yahudi ku sim kuring diseukseukan. Ceuk sim kuring, "Maraneh kacida dosana! Maraneh henteu nyucikeun Sabat.

¹⁸ Kapan pangna karuhun maraneh nepi ka dihukum oge ku Allah, waktu ieu kota bareto ditumpurkeun, lantaranana nya kitu pisan. Kari-kari ayeuna maraneh ngondang bebendu Allah ka Israil, ngotoran Sabat."

¹⁹ Ku sabab eta sim kuring ngaluuarkeun parentah, sangkan dina unggal malem Sabat, ti barang reup magrib lawang kota kudu ditutup, teu meunang dibuka-buka nepi ka geus liwat Sabat. Sarta pagawe-pagawe sim kuring ditempatkeun sina ngawas lawang kota, supaya dina poe Sabat ulah nepi ka aya nu barang bawa ka jero kota.

²⁰ Sakali-kalieun sok aya sudagar-sudagar barang, ngadon mareuting malem Jumaah deukeut kuta.

²¹ Ku sim kuring diomongan, "Taya gunana narungguan isuk di dinya. Lamun sakali-kali deui, awas!" Ti harita maranehna tara daratang deui dina poe Sabat.

²² Ari urang Lewi ku sim kuring diparentah kudu susuci, geus kitu dititah ngajaga lawang-lawang, sangkan Sabat tetep suci. Nun Allah, ihtiar abdi anu ieu oge ku abdi

disanggakeun ka Gusti. Nun Gusti nu maha asih, abdi nyuhunkeun diraksa.

²³ Lian ti eta ku sim kuring kanyahoan yen loba urang Yahudi anu karawin ka awewe urang Asdod, urang Amon, jeung urang Moab.

²⁴ Anak-anakna sawareh mah geus teu barisaeun basa sorangan, ngaromongna teh ku basa Asdod atawa basa-basa asing lianna.

²⁵ Eta jelema-jelema ku sim kuring dicarekan, dimuga-muga masing kasapa, diteunggeulan, buukna dijenggut. Tuluy sina sarumpah demi Allah, yen boh maranehna, boh anak-anakna, moal deui-deui pacorok jodo jeung urang asing.

²⁶ Ceuk sim kuring, "Anu ngalantarankeun Raja Suleman dosa oge kapan awewe bangsa asing. Kaagungan anjeunna mapakan raja-raja bangsa sejen, ku Allah dipikaasih, dijenengkeun raja ngarajaan sakumna Israil, tapi teu burung beunang ku dosa nu cara kitu.

²⁷ Na rek nyarontoan kitu maraneh teh ka dulur-dulur nu sejen, sina marilu ngalawan ka Allah urang, kararawin ka awewe bangsa batur?"

²⁸ Eta deui Yoyada, sakitu anak Elyasib, anak Imam Agung, aya anakna saurang anu kawin ka awewe anakna Sanbalat urang Bet Horon. Ku sabab eta Yoyada ku sim kuring dikaluarkeun ti Yerusalem.

²⁹ Nun Allah, abdi nyanggakeun eta dulur-dulur anu sakitu ngotoranana kana jabatan kaimaman, sareng kana perjangjian Gusti ka maranehna sareng ka urang Lewi.

³⁰ Geus kitu dulur-dulur ku sim kuring diberesihan tina sagala pangaruh nu asing. Sim kuring ngayakeun aturan-aturan pikeun para imam jeung urang Lewi, sangkan hararideng kana kawajibana.

³¹ Jeung sim kuring nyieun giliran nu ngarala suluh, anu kudu aya dina waktuna pikeun ngaduruk kurban-kurban; kitu deui rahayat kudu marere sumbangan gandum tina panen cikal, jeung bubuhan anu asakna pangheulana. Nun Allah, mugi ieu sadaya ku Gusti kaemutkeun, sareng nyuhunkeun timbangan sakumaha layakna.

Ester

1 ¹(1:1-2) Raja Ahasweros, anu ngaraton di Susan, ibukota Persia, ngasta pamarentahan. Karajaanana ngawengku 127 propinsi, mimiti ti India nepi ka Sudan.

²(1:1)

³Dina katilu taunna jumeneng raja, anjeunna ngayakeun pesta keur para pajabat jeung gegeden-gegeden pamarentah. Para panglima Persia jeung Media, kitu deui para gupernur jeung para bangsawan ti saban propinsi, araya dina eta pesta.

⁴Pesta nepi ka genep bulan, bari nembongkeun kakayaan eusining karaton, arendah, marulya, taya tandingna.

⁵Sarengsena eta, raja ngayakeun deui pesta keur pangeusi kota Susan, nu baleunghar, nu mariskin. Pestana compleng saminggu di patamanan karaton.

⁶Palataran dihias ku hordeng-hordeng warna bulao jeung bodas, make tali-tali tina kaen lenen wungu, ditalikeun kana ali-ali perak anu dipasang dina tihang-tihang marmer. Katil emas jeung katil perak ditagenkeun di palataran anu lantena ku ubin marmer bodas, ubin beureum, giwang anu gilap jeung batu pirus bulas.

⁷ Inuman diidangkeun dina cangkir emas warna-warni taya anu sarupa, turug-turug raja teu lebar ku anggur tina sisimpenan pikeun karaton.

⁸ Ngarinumna teu diwates, sakumaha parentah raja ka gandek-gandek karaton, supaya anu paresta teh ngaraleueutna sasukana.

⁹ Satengahing kitu prameswari ge, Ratu Wasti, di lebet ngayakeun pesta. Ieu mah keur kaom wanita.

¹⁰ Dina poe katujuhna pesta, ku perbawa cianggur sang raja ngaraos gerah. Seug nyaur gandek kadeuheus, tujuh lalaki kabiri, ngaranna Mahuman, Bista, Harbona, Bigta, Abagta, Setar jeung Karkas.

¹¹ Ditimbalan ngangkir Ratu Wasti kalawan saged nganggo makuta ratuna. Sang raja palay nembungkeun prameswarina ka para gegeden jeung tamu-tamu lianna, kawantu geulisna kawanti-wanti.

¹² Tapi ratu nolak pamundut raja. Atuh raja bendu, manahna ngentab.

¹³ Sang raja geus biasa sok mundut bongbolongan ka ahli-ahli tina perkara undang-undang jeung tata cara. Ti dinya anjeunna manggil juru-juru nasehatna nu nyaho kudu kumaha nya pilampaheun.

¹⁴ Juru-juru nasehat anu pangseringna disaur ku raja nya eta: Karsena, Setar, Admata, Tarsis, Meres, Marsena jeung

Memukan, anu jaradi pajabat pangluhurna di karajaan Persia jeung Media.

¹⁵ Lahiran raja ka aranjeunna, "Kula, Raja Ahasweros, nitah gandek-gandek sangkan Ratu sina marek, Ratu teu nurut. Kumaha eta ceuk undang-undang?"

¹⁶ Memukan miunjuk ka raja jeung para pajabat, saurna, "Ratu Wasti sanes mung baha ka kersa Sang Raja, nanging ka para pajabat ongkoh, malah ka sadaya lalaki di ieu karajaan.

¹⁷ Margi saupami eta peta Ratu kauar-aer, tangtos unggal wanita nyapiroakeun salakina. Margi tangtos bakal kieu nyaranggemna, Raja Ahasweros geuning timbalanana ku Ratu Wasti henteu didangu.

¹⁸ Perkawis eta, dinten ieu keneh oge tangtos ku bojo-bojo para pajabat Persia sareng Media dicarioskeun ka salakina masing-masing. Ahirna di mana-mana bojo-bojo baris moal hormat ka salaki, salaki-salaki baris ambek-ambekan ka bojo.

¹⁹ Manawi sapuk, Sang Raja sae ngadamel pangumuman karajaan, ngumumkeun yen Wasti teu meunang tembong deui di payuneun Raja. Hal eta utamina diserat dina undang-undang Persia sareng Media, tawis hamo barobah. Salajengna Ratu kedah dicopot tina karatuanana, gentos ku istri nu langkung utami.

²⁰ Saparantos ieu pangumuman nyebar di sakuliah karajaan anu lega upluk-aplak, tangtos kaom wanita teh baris ngesto ka salaki, boh beunghar, boh miskin."

²¹ Eta pihatur kaluyuan ku raja jeung ku pajabat-pajabat. Pituah Memukan ku raja dijalankeun.

²² Ngintunkeun serat-serat ka unggal propinsi sakarajaanana nurutkeun tulisan jeung basana masing-masing, unina: Nu jadi kapala kulawarga teh nya eta salaki. Saucap-ucapna kudu diestokeun.

2¹ Sanggeus benduna leler, raja ngejelengut ngemut-ngemut talajakna Wasti jeung kana putusan anjeunna hal Wasti tea.

² Juru-juru nasehatna maparin bongbolongan, "Saena Sang Raja milarian deui piprameswarieun, seueur parawan-parawan anu gareulis.

³ Sae upami di unggal propinsi di sakuliah karajaan, Sang Raja ngangkat tukang milarianana. Sakur-sakur anu gareulis kedah dikintun ka Susan, kangge eusi tempat selir-selir, dibawah panalingaan Hagai, anu ngurus istri-istri kalangenan Raja. Salajengna kedah dirawat kageulisanana.

⁴ Sang Raja kantun milih mana anu pangkamanahna, kangge dijenengkeun prameswari gegentos Wasti." Eta nasehat ku raja kamanah sarta tuluy dilampahkeun.

⁵Di ibu kota Susan aya hiji urang Yahudi, ngaranna Mordekai, anak Yair ti kaom Binyamin, turunan Kis jeung Simei.

⁶Tadina asal kaboyong, bareng jeung boyongan-boyongan anu lianna. Kaboyongna keur jaman Raja Nebukadnesar jadi raja Babul, ngaboyong Raja Yoyakin raja nagara Yuda, ti Yerusalem.

⁷Mordekai boga alo awewe ngaranna Ester, ngaran Ibranina mah Hadasa. Ku sabab geus teu indung teu bapa, ku Mordekai diaku anak. Ester rupana geulis, pangawakanana hade.

⁸Di antara parawan-parawan anu dibawa ka Susan keur nedunan parentah anyar ti raja tea, Ester ge kaasup. Dipernahkeun di lingkungan karaton, ditalingakeun ku Hagai purah ngurus selir-selir tea.

⁹Hagai kacida katajina ku Ester, atuh pohara mikanyaahna. Ngarawatna leuwih enya-enya, taya waktu kapiceun dipake ngurut jeung ngatur daharna. Kamarna dibere nu pangalusna, malah dibere mojang petingan ti karaton tujuh urang, purah ngalalayanan.

¹⁰Memeh eta Ester ku Mordekai geus diomat-omatan ulah bebeja yen urang Yahudi.

¹¹Unggal poe Mordekai sok ngalanglangan, mundar-mandir di latar tempat selir-selir, hayangeun nyaho Ester salamet henteuna, jeung arek dikumahakeun.

¹²Geusan ngarawat parawan-parawan tea lilana sataun. Diurut ku minyak emur genep bulan, ku minyak seuseungitan lianna genep bulan. Anggeus eta, mojang-mojang teh bagilir saurang-saurang dideuheuskeun ka raja.

¹³Dina jungna ka karaton, nyi parawan meunang barang pake nu kumaha bae.

¹⁴Asupna ka karaton kudu wanci burit, kaluarna poe isukna, tuluy dibawa ka imah nu hiji deui, tempat para selir raja, anu dibawah panalingaan Saasgas, tukang ngajaga selir-selir raja. Tara marek-marek deui kajaba lamun raja mikapalay, kakara disaur sanggeus disebut ngaranna.

¹⁵Datang giliran Ester dideuheuskeun ka raja. Ester, putra Abihail, alo Mordekai anu terus diangken putra teh mani matak bengong sarerea. Dangdosna henteu mundut itu ieu, estu tumut sakumaha saur Hagai tea bae nu ngurusna.

¹⁶Ari dideuheuskeunana Ester ka Raja Ahasweros di karaton teh, nya eta dina katujuh taunna anjeunna jadi raja, dina bulan Tebet, bulan nu kasapuluh.

¹⁷Barang beh katingali, raja joljol kataji, leuwih ti batan ku mojang-mojang sejenna. Meunangna katresnan sang raja teh leuwih ti anu lianna. Rap diterapan makuta, diangkat jadi prameswari gegentos Wasti.

¹⁸Tuluy raja ngayakeun pesta, mestakeun Ester, ngondangan para gegeden jeung para pajabat. Sakuliah karajaan dibebaskeun tina pajeg, sarta raja ngabagi-bagikeun hadiah anu marahal, sakumaha layakna hadiah ti raja.

¹⁹Harita Mordekai teh ku raja geus dipaparin hiji jabatan.

²⁰Ari Ester tetep pageuh ngarasiahkeun asal-usulna. Pesen Mordekai yen hal eta ulah nepi ka aya nu nyaho teh diestokeun pisan, ngestona ka Mordekai teh estu teu beda ti keur alitna keneh.

²¹Sajeroning Mordekai nyekel tugas di karaton, aya dua ponggawa purah jaga lawang kamar raja, nya eta Bigtan jeung Teres. Maranehna pohara ngarasa tugenahna ku Raja Ahasweros, nepi ka sakait rek nelasan raja.

²²Ku Mordekai diwartoskeun ka Ratu Ester, anu terus ngunjukkeun eta hal anu kapendak ku Mordekai ka raja.

²³Barang eta hal dipariksa, tetela yen bener. Seug jelemana duanana digantung. Eta kajadian ku raja dipiwarang dicatet dina kitab babad karajaan.

3¹Hiji mangsa Raja Ahasweros ngangkat hiji perdana mentri, jenenganana Haman, putra Hamedata bangsa Agag.

²Raja marentahkeun, sakabeh pajabat-pajabat karaton kudu mendek jeung nyembah ka Haman. Sarerea nurut, kajaba ti Mordekai.

³Abdi-abdi karaton anu sejenna naranyakeun ka anjeunna ku naon baha kana eta timbalan raja.

⁴Unggal poe maranehna ngomongan supaya Mordekai daek nurut, tapi ku Mordekai teu diwaro. Saurna, "Sim kuring bangsa Yahudi, mustahil nyembah ka Haman." Lila-lila mah diarunjukkeun ka Haman, panasaran kumaha baris katarimana eta peta Mordekai teh.

⁵Barang Haman sidik yen Mordekai teu daek nyembah sarta mendek ka anjeunna, manahna mani ngentab.

⁶Komo sanggeus uningaeun yen Mordekai urang Yahudi mah, geus hoyong bek bae maehan. Tapi raraosanana asa cumah ari ngan maehan Mordekai wungkul mah. Ku sabab kitu anjeunna milari jalan sangkan bisa numpes saayana urang Yahudi nu aya di sakarajaan Persia.

⁷Dina bulan Nisan, nya eta bulan anu mimiti, nincak kadua belas taunna pamarentahan Ahasweros, Haman miwarang ngalung dadu, anu ku urang dinya disebut "Purim", rek milari wanci nu mustari, poe jeung bulan geusan ngajalankeun maksadna. Katimu, piwaktueunana teh tanggal tilu belas, bulan Adar, bulan anu kadua belas.

⁸Haman unjukan ka raja, "Di sakuliah karajaan Sang Raja, di unggal-unggal propinsi, nyebar hiji bangsa. Adat istiadatna benten ti rahayat umumna. Malah aya langkungna, embung tunduk kana undang-undang karajaan. Tangtos moal pisaeueun upami ku Sang Raja diantep.

⁹Madak sapuk, Sang Raja sae ngaluarkeun parentah supados eta bangsa ditumpurkeun. Saparantos ieu hal beres dijalankeun, abdi gusti nanggel tiasa nyetorkeun 375 ton perak kana kas karajaan, kanggo kaperluan pamarentahan nagara."

¹⁰Raja ngalaan lelepen, paranti ngecap jeung ngesahkeun surat parentah, diserenkeun ka Haman putra Hamedata bangsa Agag, musuh urang Yahudi tea.

¹¹Sang raja nimbalan, "Eta bangsa, kitu deui duitna, jadi milik maneh. Rek dikitu rek dikieu, kumaha karep maneh."

¹²Dina tanggal tilu belas bulan kahiji, Haman nyaure para juruserat raja, ngadiktekeun serat parentah, sakalian jeung nyalinna kana basa-basa jeung tulisan anu diparake di sakuliah karajaan, pikeun kapala-kapala pamarentahan, gupernur-gupernur, bupati-bupati. Dikaluarkeunana kalawan asmana Raja Ahasweros, beunang ngecap ku lelepen raja.

¹³Eta surat parentah diiangkeun ka unggal propinsi di sakuliah karajaan, dibarawa

ku jelema-jelema tukang lumpat. Unina: Dina tanggal tilu belas bulan Adar, sakabeh urang Yahudi, nu ngora, nu kolot, awewena, barudakna kudu diparaahan, kudu tumpur di jero sapoe. Paehan kabeh, tong aya rasa karunya, sarta harta bandana rampas.

¹⁴Eta parentah di unggal propinsi kudu diembarkeun ka rahayat, supaya dina waktuna kabeh geus sayaga.

¹⁵Kalawan parentah raja, eta embaran teh diumumkeun di ibukota Susan. Tukang-tukang lumpat geus tingsalemprung mawa eta maklumat ka propinsi-propinsi. Ari Haman, sajeroning dayeuh Susan guyur ibur, raos-raos calik ngaleueut jeung raja.

4 ¹Barang Mordekai uninga, anjeunna nepi ka nyosoek anggoan, teras disalin ku anggoan tina karung, sarta ngawurkeun lebu kana mastaka. Tuluy angkat di jero kota bari nangis tarik awahing ku nalangsa

²nepi ka lawang karaton. Anjeunna teu terus lebet, sabab anu make pakean tina karung mah euweuh anu diidinan asup.

³Ari urang Yahudi di propinsi-propinsi anu geus meunang eta sebaran ti raja pating jarerit. Tuluy paruasa dibarung ku ceurik jeung midangdam, loba nu tuluy marake pakean tina karung, malah ngaredengna oge ngagaloler bae dina kekebul.

⁴Barang Ester diwartosan hal Mordekai kitu ku dayang jeung gandek-gandek, pohara

tagiwurna. Geuwat Mordekai dikintunan pisalin sina gentos ulah ngango baju karung. Tapi ku Mordekai teu ditampa.

⁵Ester nyaur mantri Hatah, anu ku sang raja dibakukeun ngaladenan prameswari. Ku Ester dijurung nemonan Mordekai, sangkan nalengteng ku naon nu matak kikituan.

⁶Mantri Hatah kaluar nemonan Mordekai di alun-alun hareupeun lawang karaton.

⁷Sakumaha anu kajadian ku Mordekai dicarioskeun, kitu deui gedena duit anu ku Haman dijangjikeun baris disetorkeun kana kas karajaan, saupama sakabeh urang Yahudi geus diberesan.

⁸Surat parentah ngagempur oge diumumkeun di Susan, salinanana diserenkeun ka mantri Hatah, bari mundut tulung sangkan diteruskeun ka Ester. Amanatna supaya Ester ngadeuheus ka raja, nyuhunkeun citeresna mugi raja aya sih piwelas ka bangsa Yahudi.

⁹Pamundutna ku mantri Hatah ditepikeun.

¹⁰Ti dinya Ester ngintun wartos kieu ka Mordekai,

¹¹"Mugi uninga, jalma anu lebet ka karaton seja ngadeuheus ka raja kalayan taya panyaur, boh lalaki boh awewe, hukumanana mung sarupi, nya dipaehan. Ieu parantos jadi undang-undang, sarta sadayana kawit ti mantri dugi ka rahayat biasa parantos tarerang. Teu aya anu tiasa sumingkir tina

ieu undang-undang, kajabi upami sang raja nyodorkeun teteken emas, eta jalma moal kantos dipaehan. Dupi abdi parantos sasasih henteu disaur-saur."

¹²Sanggeus eta kasauran Ester ditepikeun ka Mordekai,

¹³anjeunna ngintun waleran kieu, "Nyai ulah nyangka baris langkung aman ti dulur-dulur urang anu lianna dumeh aya di karaton raja.

¹⁴Sanajan upamina, dina kaayaan sakieu bahayana Nyai raos-raos bae, pitulung mah moal teu dongkap ti langit. Bangsa Yahudi tangtos katulungan, sawangsulna Nyai mah baris tiwas, kitu deui wargi-wargi ti rama baris mendak poe panungtungan. Ngan ceuk emutan, boa nu matak Nyai nepi ka jadi Ratu oge nya keur jadi cukang pisalameteun tina bahaya kawas ayeuna!"

¹⁵Ester ngintun deui waleran,

¹⁶"Enggal tepangan sadaya urang Yahudi anu araya di Susan. Wartoskeun kedah paruasa muasaan abdi. Ulah dalahar nginum salebet tilu dinten siang wengi. Abdi oge sareng dayang-dayang sadaya tangtos puasa. Saparantos eta abdi bade ngadeuheus ka raja, sanaos baris ngalanggar undang-undang. Saupami abdi dugi ka tiwas, abdi iklas kabina-bina."

¹⁷Bral Mordekai angkat, ngajalankeun sagala pamundut Ester.

5 ¹ Sanggeus saum tilu poe, Ester dangdos ku anggoan karatuan, tuluy ngadeg di latar padaleman, mayun ka kamar singgasana. Kaleresan raja keur linggih dina korsi karajaan, mayun ka lawang.

² Barang ningali aya Ratu Ester ngadeg di buruan, anjeunna teu werat nampik, lajeng nyodorkeun teteken emas. Enggal Ester nyaketan, ceg nyepeng kana congo teteken.

³ Raja mariksa, "Aya pikersaeun naon enung, Ratu Ester? Saurkeun bae aya pamundut mah. Tangtos dikabul najan mundut sabeulah karajaan oge."

⁴ Ester ngawaler, "Manawi sapuk ing panggalih, abdi gusti nyembahkeun panuhun, mugi Kangjeng Raja miwah Juragan Haman engke wengi kersa linggih tuang leueut, kenging abdi gusti nyayagikeun."

⁵ Sang raja geuwat nimbalan nyaur Haman sina gancang-gancang sumping, bade dicandak linggih ka Ester. Bral raja jeung Haman arangkat nedunan pangangkir Ester.

⁶ Bari ngaleueut anggur, raja mariksa ka Ester, timbalanana, "Mangga saurkeun, naon nya pamundut tangtos dikabul. Naon nya kahoyong tangtos buktos. Palay sabeulah karajaan oge teu aya wagelanana."

⁷ Ester ngawaler,

⁸ "Manawi Kangjeng Raja kersa ngabulkeun panuhun, mugi enjing kersa linggih deui sareng Juragan Haman tuang leueut nu bade

disayagikeun ku abdi gusti. Menggahing panuhun abdi enjing bade diunjukkeunana."

⁹ Samulihna Haman tina tuang, pohara ngaraos bagjana, hegar manah. Tapi ana ret ningali Mordekai anu keur aya di lawang karaton, turug-turug taya pisan riuk-riukna hormat waktu anjeunna ngalangkung, nyel bae bendu.

¹⁰ Tapi nyabar-nyabar anjeun bae, terus mulih ka bumi. Sasumpingna tuluy nyaur rerencanganana ka bumi. Seres oge, garwana disaur dicandak ngariung.

¹¹ Gorolang sasauran muji anjeun, nyaurkeun sakumaha beungharna, sakumaha gereyekna putra-putra, sakumaha dijungjungna ku raja nepi ka dibere pangkat nu mulya, sakumaha pentingna anjeunna, leuwih punjur ti batan pajabat-pajabat raja sejenna.

¹² Jeung kieu deui saurna, "Malah bieu mah tas diondang tuang ku Ratu Ester. Ngan kaula bae jeung raja nu diondang teh. Isukan ge diangkir deui.

¹³ Tapi ana geus nenjo si Mordekai, si Yahudi, diuk di lawang karaton, les bae eta kabagjaan teh leungit, asa taya hartina."

¹⁴ Ari walon garwa jeung rerencanganana, "Atuh miwarang bae ngadamel panggantungan anu luhurna dua puluh dua meter. Enjing unjukkeun ka raja. Gantung eta si Mordekai teh. Parantos kitu mah angkat kana pangangkir tangtos kalayan

senang." Ku pangraos Haman, eta usul kacida hadena, tuluy bae ngadamel panggantungan.

6 ¹Dina peutingna raja teu iasa kulem. Seug miwarang dipangaoskeun kitab babad karajaan.

²Pareng mendak laporan hal Mordekai ngalaporkeun anu rek nelasan raja, anu diniatan ku Bigtan jeung Teres, dua mantri purah jaga lawang kamar raja tea.

³Raja mariksa, "Naon ganjaran ka Mordekai kana jasana?" Wangsul abdi-abdi, "Sumuhun, teu diganjar naon-naon."

⁴Raja mariksa, "Saha pagawe kami anu ayeuna aya di karaton?" Kabeneran harita Haman sumping rek unjukan perkara rek ngagantung Mordekai tea, tur panggantunganana geus sadia.

⁵Atuh wangsul abdi-abdi teh, "Sumuhun Juragan Haman, nuju ngantos timbalan." Timbalan raja, "Sina asup."

⁶Haman lebet, raja mariksa, "Aya jelema anu ku kami wajib dibere nugraha, rek dijungjung sina dihormat-hormat luar biasa. Cik, kudu kumaha alusna?" Haman ngagerentes manahna, "Naha saha deui anu pantes dibere nugraha sakitu agungna? Tangtu aing."

⁷(6: 7-8) Anu matak ngawalerna teh, "Kedah dianteuran anggoan karajaan anu sok dianggo ku Raja, sareng kuda kagungan

Raja anu dipapaesan ku lambang-lambang karajaan.

⁸(6: 7)

⁹Sina dangdos ku anggoan karajaan, didangdosanana ku hiji menak nu pangagungna, tumpakkeun kana kuda lajeng arak ngurilingan alun-alun nagara. Ti heulaeunana kedah aya menak anu ceceluk, Kieu diagung-agungna, jalma anu ku raja dipaparin nugraha!"

¹⁰Timbalan raja ka Haman, "Geuwat atuh eta anggoan kitu deui kudana cokot, anteurkeun ku maneh. Ieu nugraha bikeun ka Mordekai, urang Yahudi tea. Sakur anu bieu ku maneh ditataan, lampahkeun kabeh ku maneh, ulah aya nu kaliwat. Tepungan jelemana di gapura karaton."

¹¹Tuluy Haman nyandak anggoan karajaan jeung kuda. Mordekai ku anjeunna didangdosan anggoan karajaan, terus tumpak kuda, diarak ngurilingan alun-alun nagara. Haman ceceluk heulaeun arak-arakan, "Kieu diagung-agungna, jalma anu ku raja dipaparin nugraha!"

¹²Sabadana, Mordekai mah balik deui ka gapura karaton, ari Haman gura-giru mulih ka bumi, bari meungpeunan pameunteu awahing ku ngaraos wirang.

¹³Pok wawartos ka garwa jeung rerencanganana. Ari ceuk garwa jeung rerencanganana anu palinter tea, "Atuh

anjeun ngawitan eleh ku Mordekai. Urang Yahudi manehna teh, sarta anjeun moal bisa ngelehkeun. Pasti manehna malah anu ngelehkeun anjeun."

¹⁴Sabot keur salasauran kitu, daratang gandek-gandek karaton bangun gura-giru, mapag Haman kana pangangkir Ester.

7 ¹Lajeng raja angkat jeung Haman, kadua kalina muru tuang ka Ester.

²Sanggeusna ngaleueut anggur, raja mariksa ka Ester, "Ratu Ester bade mundut naon? Saurkeun bae, tangtos buktos. Masih sabeulah karajaan ge ku Engkang hamo burung diserenkeun."

³Ratu Ester ngawaler, "Manawi Kangjeng Raja sapuk ngabulkeun ieu panuhun abdi nu hina, panuhun teh taya sanes mung nyuhunkeun ditangtayungan nyawa, diri miwah bangsa abdi.

⁴Sayaktosna bangsa abdi nya kitu deui abdi, parantos aya nu ngajual bade dijagal. Saupami henteu matak bahla mah, saupami mung ukur dijual dijadikeun budak beulian, moal kantos diunjukkeun, bade disidem bae. Dupi ieu, abdi sadaya bade ditumpes, disina tumpur!"

⁵Raja Ahasweros mariksa ka Ratu Ester, "Saha anu cucungah kitu teh? Di mana jelemana?"

⁶Waler Ester, "Musuh abdi-abdi, anu jail kaniaya, sumuhun ieu durjanana, Haman!" Seblak Haman kabur pangacianana.

⁷Sang raja lajeng ngajengkat awahing ku wera, kaluar ti kamar ngabujeng taman padaleman. Ari Haman terus ngajengjen, tina geus kagungan pirasat pasti dihukum ku raja. Niatna rek muntang ka Ester mundut dibela nyawa.

⁸Gebru meubeutkeun anjeun, nyuuh ka Ester anu calik dina dipan, seja mundut piwelasna. Sabot kitu raja lebet manten ti taman. Ana ningali kitu, raja mani ngahaok, "Si campelak! Rek ngagadabah ka prameswari kami, hareupeun kami, tur di padaleman pisan?" Tutas sang raja ngahaok, jol abdi-abdi, ngarungkup mastaka Haman.

⁹Nu saurang, nu ngaran Harbona unjukan, "Sayaktosna Haman parantos ngadegkeun panggantungan di bumina, luhurna dugi ka dua puluh dua meter, bade ngagantung Mordekai, anu kapungkur ngaboker rasiah jalma-jalma anu niat nelasan Sang Raja." Timbalan raja, "Gantung Haman di dinya!"

¹⁰Gulawing Haman digantung, dina panggantungan anu tadina dijieun keur ngagantung Mordekai. Sanggeus kitu, kakara bendu sang raja leler.

8¹Dina poe eta keneh, sagala harta kakayaan Haman, musuh urang Yahudi tea, ku raja dipaparinkeun ka Ester. Ester

miunjuk ka raja, nguningakeun yen anjeunna teh kapiputra Mordekai. Atuh ti semet harita Mordekai diwididian marek ka payuneun raja.

²Raja nyandak lelepen cap anu bareto diserenkeun ka Haman tea, tuluy dipasrahkeun ka Mordekai. Ari Mordekai ku Ester dikawasakeun ngurus harta kakayaan Haman.

³Ester ngadeuheus deui ka raja, bari nangis ngarawu sampeanana, maksadna mundut ihtiari, sangkan usaha jahatna Haman bangsa Agag rek numpes urang Yahudi teh ulah kajadian.

⁴Raja nyodorkeun teteken emas. Ester cengkat, pok miunjuk,

⁵"Manawi sapuk, sareng manawi Kangjeng Raja kagungan hawatos ka diri abdi, sareng manawi kagalih, mugi Kangjeng Raja ngaluarkeun parentah ngabatalkeun embaran Haman, anu parantos dikaluarkeun ku eta putra Hamedata bangsa Agag, anu ungelna kedah numpes sakumna urang Yahudi di sakuliah karajaan.

⁶Diri abdi kumaha nya pikiateun, saupami eta bahla dugi ka tumiba ka bangsa abdi, saupami dulur-dulur abdi gusti dugi ka tumpes?"

⁷Dawuhan Raja Ahasweros ka Ratu Ester jeung ka Mordekai, "Sakumaha anu kauninga, Haman, anu boga niat numpes urang Yahudi,

ku kami geus digantung. Harta kakayaanana geus diselehkeun ka Ester.

⁸ Ngan, surat parentah anu dikaluuarkeun kalawan asma raja tur dicap ku lelepen karajaan, eta mah henteu wenang dibatalkeun. Tapi coba bae ngadamel surat ka sakumna urang Yahudi, kecap-kecapna mah kumaha aranjeun. Tanda kalayan asma kami, sarta cap ku cingcin karajaan."

⁹ Harita geus tanggal dua puluh tilu bulan anu katilu, bulan Siwan, Mordekai nyaur para juruserat karaton, ngadiktekeun surat keur bangsa Yahudi, keur para gupernur, para bupati jeung pajabat-pajabat ti saratus dua puluh tujuh propinsi ti India nepi ka Sudan. Dikarangna dina basa jeung tulisan masing-masing propinsi. Anu keur urang Yahudi, nya dina basa jeung tulisan Yahudi.

¹⁰ Tret ditanda kalayan asma Raja Ahasweros sarta dicap ku lelepen karajaan. Geus kitu diiang-iangkeun, ditarawa ku iber-iber nu tarumpak kuda balap petingan ti istal karajaan.

¹¹ Ungelna surat, kalayan restu sang raja, urang Yahudi kudu taki-taki, sabilulungan ngabela diri. Lamun didatangan ku jelema-jelema anu marawa pakarang, ti bangsa mana bae, di propinsi mana bae, kudu diayonan sakuat tanaga, tumpes katut saanak pamajikanana. Enggeus meunang

idin raja, basmi ulah aya nu kari, sarta harta kakayaanana rampas.

¹² Ieu parentah jalankeun di sakuliah karajaan Persia, dina tanggal tilu belas bulan Adar, bulan nu kadua belas, poe nu tadina rek dipake numpes urang Yahudi.

¹³ Eta maklumat diundangkeun jadi undang-undang, diumumkeun ka satiap jalma di unggal kota jeung propinsi, sangkan urang Yahudi sayaga mapag ngayonan musuh, ngayakeun pangbales ana geus cunduk waktuna.

¹⁴ Raja marentahkeun sangkan eta maklumat dibarawa ku satria-satria anu tingbelesat negarkeun kuda karajaan sagancang-gancangna. Di Susan oge, di ibukota, eta maklumat teh diumumkeun ka bala rea.

¹⁵ Geus kitu Mordekai kaluar ti jero karaton, nganggo anggoan karajaan, warna biru jeung bodas, harudumna lenen wungu sarta nganggo makuta kancana. Ger jalma-jalma urang Susan sarurak ayeuh-ayeuhan sapaparat jalan.

¹⁶ Urang Yahudi galumbira, ngarasa longsong, pulih ati pulang bagja, nyuseup hawa kaunggulan.

¹⁷ Di unggal kota jeung propinsi, sakur anu geus kahontal ku eta maklumat raja, poe eta teh ku urang Yahudi dijieun poe sukan-sukan, harajat bawaning ku ngarasa

bagja. Manahoreng, loba pisan jalma-jalma ti bangsa sejen anu buru-buru arasup jadi bangsa Yahudi, lantaran ngarasa gimir.

9¹ Geus nincak tanggal tilu belas bulan Adar, cunduk waktu, urang Yahudi ngajalankeun parentah karajaan tea. Poe eta musuh-musuh urang Yahudi geus boga angkeuhan baris bisa ngaburak-barik maranehna. Ari heug, urang Yahudi nu unggul.

² Di unggal daerah Yahudi di sakuliah nagara, urang Yahudi sayaga waspada, taki-taki geusan narajang musuh anu wani-wani ganggu. Di mana-mana jalma-jalma galalimir. Dina derna narajang, taya nu tagen nadahan.

³ Malah kanyataanana mah, pajabat-pajabat pamarentah propinsi-propinsi, gupernur-gupernur jeung para bupati, kitu deui wawakil-wawakil karajaan bariluk milu ngabantu urang Yahudi, lantaran inggis ku Mordekai.

⁴ Geus kagurnita, Mordekai jadi gede kawasana di karaton, tur kawasana teh wuwuh ngagedean.

⁵ Atuh urang Yahudi babarieun pisan ngabasmi musuhna. Pedangna muwak-mawik dipake ngajagal, musuh gempar jaradi babatang.

⁶ Di ibukota Susan wungkul, nu dipaehan ku urang Yahudi teh nepi ka aya 500 jelema.

⁷ Di antarana aya: Parsandata, Dalpon, Aspata,

⁸ Porata, Adalia, Aridata,

⁹ Parmasta, Arisai, Aridai jeung Waisata.

¹⁰ Jumlahna sapuluh urang, sapuluhanana anak-anak Haman bin Hamedata bangsa Agag, musuh urang Yahudi tea. Tapi ari kakayaanana mah teu diraranjah.

¹¹ Dina poe eta keneh jumlah anu paraeh di Susan teh dilaporkeun ka raja.

¹² Raja sasauran ka Ratu Ester, "Di Susan wungkul anu tumpes ku urang Yahudi aya 500 urang. Nu sapuluh anak-anakna Haman. Duka kumaha di propinsi-propinsi, tada teuing bae! Kumaha kahoyong Enung ayeuna? Saurkeun bae, tangtos dikabul. Naon nya kahoyong tangtos cumpon."

¹³ Ester ngawaler, "Manawi sapuk sareng manah Kangjeng Raja, dinten enjing urang Yahudi anu di Susan mugi diwidian neriskeun hanca, sakumaha dinten ieu. Kajabi ti eta, mayit anak-anak Haman, sapuluhanana supados digantung."

¹⁴ Sang raja marentahkeun supaya eta pamundut dijalankeun, sarta anjeunna ngundangkeun maklumatna di Susan. Mayit anak-anak Haman sapuluhanana digantung, dijieun tongtonan.

¹⁵ Isukna, tanggal opat belas bulan Adar, urang Yahudi di Susan ngamuk deui, maehan 300 urang leuwih warga kota. Tapi harita

oge maranehna henteu terus ngaranjah kana jaraheun.

¹⁶ Urang Yahudi anu di propinsi-propinsi oge enggeus der narajang musuh, maehan 75.000 jelema, sakur anu ngarewaeun ka maranehna. Di dieu oge maranehna henteu kungsi ngaranjah jaraheun.

¹⁷ Ngamukna dina tanggal tilu belas wungkul. Tanggal opat belas eureun tina ngundeur nyawa musuhna, diganti ku suka-suka pesta.

¹⁸ Ari urang Yahudi anu di Susan mah nyieun pestana teh tanggal lima belas, lantaran ngaramukna teh dua poe, tanggal tilu belas jeung opat belas, tanggal lima belas kakara enggeusan.

¹⁹ Ku sabab kitu, urang Yahudi anu di kota-kota leutik di pasision, anu kotana ngablag teu make bebenteng, nyieun pestana teh tanggal opat belas bulan Adar, harajat bari silih kirim kadaharan.

²⁰ Ieu kajadian penting ku Mordekai dicatet. Anjeunna ngintun-ngintunkeun serat ka sakabeh urang Yahudi jauh deukeut di sakuliah karajaan Persia.

²¹ Ungelna, netepkeun yen tanggal opat belas jeung lima belas bulan Adar, saban taun kudu dijadikeun hari raya.

²² Lantaran dina poe-poe eta urang Yahudi geus bisa reureuh, geus ngahontal kaunggulan ti musuhna. Bulan eta jadi bulan bangbalikan, asal ceurik jadi seuri, asal

lewang jadi bungangang. Dina poe eta kudu pesta kudu hajat, silih kirim kadaharan, bari sidekah ka nu mariskin.

²³Eta parentah ti Mordekai digumatikeun, sarta jadi adat kabiasaan.

²⁴Bareto Haman, musuh urang Yahudi, anak Hamedata bangsa Agag, geus ngalung dadu anu disebut "Purim", milih poe tumpesan urang Yahudi tea, anu niatna mah rek diperenan kabeh.

²⁵Tapi ku sabab Ester unjukan ka raja, sarta raja ngaluarkeun parentah, niat Haman nyilakakeun urang Yahudi teh meulit ka dirina, nepi ka digantungna pisan katut ka anak-anakna.

²⁶Ku sabab kitu, eta hari raya teh disebutna "Purim", hartina dadu. Nyokot dasar tina surat Mordekai tea, jeung tina kajadian anu kaalaman.

²⁷Hal eta ku urang Yahudi dijieun wajib keur dirina saturun-tumurun, katut keur sakabeh jelema anu arasup Yahudi. Jadi eta poe anu dua, unggal-unggal taun dijieun adat anu ngabaku, dasarna parentah Mordekai dina suratna tea.

²⁸Geus dimistikeun, yen eta hari raya Purim anu lilana dua poe teh kudu digumatikeun di unggal-unggal propinsi, unggal kota, boh ku warga-warga Yahudi harita, boh ku turunan engke, teu meunang pegat sapapanjangna.

²⁹ Geus kitu, Ratu Ester, putra Abihail, disarengan ku Mordekai ngintun serat kalawan nganggo sagemblengna kawibawaan anjeunna, ngukuhkeun parentah perkara Purim, anu geus diparentahkeun ku Mordekai dina seratna anu ti heula.

³⁰ Eta serat ditujukeunana ka sakumna urang Yahudi. Salinan eta serat dikirimkeun ka 127 propinsi di sakuliah karajaan Persia, diwuwuhan ku salam katineung, muga urang Yahudi ginanjar bagja santosa.

³¹ Diparentahkeun, sangkan maranehna jeung turunanana ngagumatikeun hari raya Purim, sakumaha ngagumatikeun kamistian ngajalankeun ibadah puasa jeung poe-poe kasungkawaan. Parentahna ditawis ku Mordekai jeung Ratu Ester.

³² Sarta eta parentah Ester anu netepkeun hari raya Purim, diserat dina kitab.

10¹ Raja Ahasweros, ngeunakeun kerja paksa ka rahayat anu di daerah-daerah basisir karajaanana, kitu deui ka nu di daerah-daerah padusunan.

² Sagala padamelanana nu harebat sarta gagah, kitu deui salengkepna riwayat dijungjungna Mordekai kana pangkat anu agung, diserat dina kitab babad raja-raja Persia jeung Media.

³ Mordekai, urang Yahudi tea, jadi jalma agung nu kadua ti Raja Ahasweros ku anjeun. Dipupunjung diagung-agung, dipikaresep ku

sasama bangsa. Anjeunna geus barang damel
pikeun kamaslahatan bangsana, kitu deui
keur pirahayueun sakabeh turunanana.

Ayub

1 ¹Di tanah Us aya hiji jelema, Ayub jenenganana. Jelema ibadah tuhu ka Allah, temen lempeng hade manah, tata-titi ati-ati, nyingkah tina lampah salah.

²Kagungan putra tujuh pameget, tilu istri.

³Kagungan ingon-ingon domba 7.000, onta 3.000, sapi 1.000, kalde 500. Bujangna mangpirang-pirang. Pangbeungharna di tatar Wetan mah.

⁴Ari putra-putrana nu pameget damelna curak-curak pepestaan, bagilir di bumina masing-masing silih ondang, tara lali ngajak saderek-saderek nu istri.

⁵Ari Ayub saban-saban putrana entas pesta, poe isukna pasti gugah subuh-subuh, nyanggakeun kurban, mundut ampun keur putra-putrana. Saban-saban kitu bae, sabab ceuk emutanana bisi aya talajak anak anu nincak dosa, teu kahaja, ngahina ka Allah.

⁶Hiji mangsa, waktu mahluk-mahluk surga ngadeuheus ka payuneun PANGERAN, di antarana Si Panggoda oge aya.

⁷Ku PANGERAN dipariksa, "Ari maneh tas naon bae?" Jawab Si Panggoda, "Tas luntang-lantung ngajajah jagat."

⁸Timbalan PANGERAN, "Nyaho maneh ka abdi Kami nu ngaran Ayub? Di sajagat taya

deui nu satia jeung ibadahna cara manehna.
Ka Kami estu gumusti, tata titi ati-ati,
nyingkah tina lampah salah."

⁹Si Panggoda ngajawab, "Kumaha lamun
teu dibere naon-naon, daekeun gumusti?

¹⁰Pan ku Anjeun sakitu dipukpruk-pukprukna
sakulawarga, sagala pangabogana dijaga-
jaga. Sagala pagaweanana diberkahan, tur
dibere ingon-ingon sakitu reana, mani matak
heurin sanagara.

¹¹Coba cabut sagala pangabogana, harita
keneh ge pasti nyumpahan ka Anjeun."

¹²Timbalan Allah ka Si Panggoda, "Heug,
sagala pangabogana kawasaan ku maneh,
asal ulah ganggu ka dirina." Leos Si Panggoda
undur ti payuneun Allah.

¹³Dina hiji poe, waktu putra-putra Ayub
keur pesta di nu cikal,

¹⁴torojol bujangna mawa seja ka Ayub,
"Cilaka Juragan! Waktos bujang-bujang nuju
ngawaruluku ku sapi, sareng kalde sadayana
nuju nyaratuan di sampalan,

¹⁵ujug-ujug diambreg ku urang Syeba.
Ingon-ingon diranjah, bujang-bujang
tiwas sadayana. Mung abdi anu salamet,
ngawartosan ka Juragan."

¹⁶Can anggeus ngomongna, torojol deui
bujang mawa seja, "Tiwas Juragan! Domba
seep, nu ngangonna sadayana tiwas, dibentar
gelap. Mung abdi nu salamet, ngawartosan
ka Juragan."

¹⁷ Ieu can anggeus nyarita, datang deui bujang mawa beja, "Aduh Juragan! Onta seep diranjah ku rampog-rampog ti Kasdim dugi ka tilu bubuhan. Bujang-bujang tiwas sadaya. Mung abdi anu salamet, ngawartosan ka Juragan."

¹⁸ Ieu can anggeus nyarita, geus torojol deui bae bujang mawa beja, "Tobat Juragan! Putra-putra nuju pesta di nu cikal,

¹⁹ ana gelebug aya topan nebak ti leresan gurun keusik. Gedong ambrug burak-barik, nu di lalebet kitu deui putra-putra sadayana tiwas. Mung abdi anu salamet, ngawartosan ka Juragan."

²⁰ Neut Ayub cengkat, seug nyosoeh anggoanana awahing ku remuk nya manah. Rambutna digundulan, bruk meubeutkeun anjeun nyium taneuh.

²¹ Pok ngalahir, "Kami datang ka dunya teu babawaan, mulang ge mo babawaan. PANGERAN anu maparin, ku PANGERAN deui dicandak. Mugi Pajenengana-Na tetep dijungjung."

²² Katarajang cilaka sakitu parnana oge imanna mah berekah, henteu nempuhkeun ka Gusti Allah.

2¹ Waktu mahluk-mahluk surga ngadeuheus deui ka payuneun PANGERAN, Si Panggoda milu deui.

²Ku PANGERAN dipariksa, "Maneh tas ti mana?" Si Panggoda ngajawab, "Tas luntang-lantung ngajajah jagat."

³PANGERAN mariksa deui, "Geus nyaho lain, ka abdi Kami Ayub tea? Di sajagat taya deui nu satia jeung ibadahna cara manehna. Ka Kami estu gumusti, tata-titi ati-ati, nyingkah tina lampah salah. Mangkilang ku maneh geus dijuligan teu puguh-puguh lantaran Kami kaangsonan, tetep bae satuhu cara sasari."

⁴Si Panggoda ngajawab, "Jelema mah asal keur ngabelaan nyawa, tara lebar ku banda.

⁵Coba ragana terapan siksa, harita keneh ge pasti nyumpahan ka Anjeun."

⁶Ari pilahir PANGERAN, "Hade, ayeuna manehna aya dina kakawasaan maneh, asal ulah nepi ka paeh."

⁷Leos Si Panggoda undur ti payuneun PANGERAN, nerapkeun panyiksa ka Ayub, sakujur salirana disina parecah pareurih kabina-bina.

⁸Seug Ayub ngalih calikna ka jarian, bari ngerokan salira ku talawengkar.

⁹Ku garwana diweweleh, "Bade satuhu keneh bae ka Allah teh? Geura sumpahan Allah teh, terus pek pupus!"

¹⁰Ayub ngawaler, "Eum, ucapan-teh sambewara teuing! Pedah ku Allah keur dipaparin lara, na make kudu aral? Geuning ari berkah-Na mah ku urang bet ditampa?"

Iman Ayub berekah, najan nandang lara,
henteu nempuhkeun ka Allah.

¹¹ Aya sobat Ayub tiluan, nya eta Elipas
urang Tman, Bildad urang Suah jeung Sopar
urang Naamah. Sanggeus ngadarangu beja
yen Ayub teu damang tur pohara larana tuluy
ngaralayad seja ngabeberah.

¹² Barang breh, rada ti kaanggangan keneh
mah meh bae paranglingeun ka Ayub teh. Ari
gok ari segruk nararangis awahing ku henteu
tega ningalina, seug nyarosoeh anggoanana
bari tuluy ngarawu taneuh diawur-awur ka
awang-awang jeung kana mastaka.

¹³ Brek sarila dina taneuh ngarencangan
beurang peuting bari teu kecet-kecet nepi ka
saminggu, tina awahing ku watir ka Ayub anu
sakitu nandang larana.

3 ¹ Tungtungna Ayub nu mimiti buka soara,
nyumpahan poe wedalna, saurna,

² (3: 2-3) "Ya Allah, mugi lanat poe
wewedalan abdi, mugi lanat wengian abdi
dicipta.

³ (3: 2)

⁴ Eta poe jadikeun poek, ya Allah. Tong
diemut-emut deui tong disinaran ku caang
deui.

⁵ Sina medem sing ngajumbleng, dingdingan
ku mendung hideung, ulah kasorot sang
surya.

⁶ Wengi eta dudut ti jero taun, tong
dietang-etang deui.

⁷jieun wengi anu suwung, tuna tina kabungahan.

⁸Timbalkeun ka tukang tenung, nu tiasa ngagendam ka Lewiatan, sina nyapa eta poe,

⁹sina nyandet sinar bentang timur, sangkan eta wengi ulah katumbu balebat.

¹⁰Sing disapa eta wengi anu ngantep abdi dijurukeun, nepi ka abdi ayeuna nandang panyiksa.

¹¹Mun antep abdi teh kapungkur teu dijurukeun, atanapi antepkeun burusut tuluy.

¹²Keur naon abdi kapungkur dilalahun ku indung? Keur naon kapungkur disusuan ku anjeunna?

¹³Mun harita teras maot, ayeuna kantun genahna,

¹⁴genah mondok, lir raja sareng pangagung, anu nembe rengse ngadegkeun deui karaton-karatonna jaman baheula.

¹⁵Tibra mondok, lir para pangeran, nu tas ngeusian gedongna ku emas perak,

¹⁶henteu usik-usik, lir orok udul.

¹⁷Di jero kubur mah, nu jahat eureun ngajahat, nu cape gawe, reureuh tina gawena.

¹⁸Sakitan-sakitan ge di dinya mah ayem-tengtrem, teu nguping anu sesentak reujeung hahaok.

¹⁹Di dinya mah mulya hina sami bae, budak beulian ge bebas merdeka.

²⁰Kanggo naon Si Nalangsa dihirupan?

Kanggo naon Si Prihatin dicaangan?

²¹Balik pepeh nunggu paeh, ajalna teu datang-datang. Nu kitu mah sono keneh ka kuburan batan kana pependeman.

²²Nu kitu mah nembe senang mun hos paeh, rup ku padung rap ku lemah, nembe genah.

²³Nu kitu mah hirupna ku Allah dikepung sakurilingna, mangsa pikahareupeunana ku Allah disamunikeun.

²⁴Mungguh abdi boro-boro bisa neda, balas rumahuh, humarurung udah-aduh.

²⁵Nu dipikasieun nampeu, nu dipikahariwang datang.

²⁶Hayang tengtrem teu tiasa, hayang genah teu tiasa, lara teu aya sudana."

4 ¹(4: 1-2) Elipas: "Ki Sobat! Punten nya,
tong ngambek, kuring ayeuna seja
nyarita. Geus teu kuat ngabetem salila-lila.

²(4: 1)

³Anjeun teh tukang wuwuruk, tukang nyangkeh leungeun-leungeun nu ngaraplek,

⁴purah ngeumbing nu tiguling, purah nuyun nu ngudupruk, ngabeberah nu laleuseuh jeung sarusah.

⁵Ayeuna Ki Sobat pisan ngalaman katerap lara, bet aral nandanganana.

⁶Ongkoh Ki Sobat ibadah, taya cawadeun nya lampah. Atuh tong aral subaha, tarimakeun masing pasrah.

⁷ Kudu ngeunteung ka nu enggeus-enggeus,
na aya jalma ibadah nandang cilaka?

⁸ Ana kapanggih ku kuring, pangna jelema
meunang cilaka reujeung sangsara, lantaran
geus melak dosa, tandur binih kajahatan.

⁹ Atuh tangtu Allah bendu, tangtu narajang
lir topan, jalma nu kitu digempur.

¹⁰ Nu jarahat tinggalaur, tingharegem cara
singa, tapi jep ku Allah dibungkem nepi
ka jempling, sihungna beak dipingges-
pinggeskeun.

¹¹ Lir singa taya mamangsan, maranehna
tarariwas, anak-anakna paburencay.

¹² Kungsi kuring meunangkeun hiji harewos
pituah, pohara launna mehmehan henteu
kadenge.

¹³ Karasana asa eukeur ngimpi goreng
ngaganggu keur hees tibra.

¹⁴ Kuring mani ka ngeleper, gumefer, sakujur
awak ngadegdeg bawaning ku sieun.

¹⁵ Hiliwir aya angin kana beungeut, kuring
sumiak muringkak, sabulu-bulu muriding.

¹⁶ Breh teh ningali nu ngabelegedeg di
hareupeun, dihantem diawas-awas, weleh teu
nyaho eta teh naon. Ana ngong aya soara,
datangna ti alam jempling.

¹⁷ Pokna, Taya jalma nu bener payuneun
Allah. Taya jalma nu beresih di payuneun Nu
nyiptana.

¹⁸ Sadalah abdi-abdi Allah di sawarga,
ku Allah taya anu dipercaya. Malah para

malaikat, ku Mantenna kapendak aya cacadna.

¹⁹Kumaha pamikir Ki Sobat, na Mantenna rek percaya ka mahluk nu asal tina taneuh lempung, anu asal tina kebul, tur baris ajur lebur lir dihakanan ku geget?

²⁰Manusa mah, isuk-isuk jagjag waringkas, ari sorena kelepek paeh teu kanyahoan.

²¹Sagala nu ngancik dina dirina, les musna tanpa karana. Nepi ka paehna ge tetep henteu nyaho naon-naon.

5 ¹Ki Sobat! Aya kira-kirana nu bisa ngajawab kana hal eta? Mangga calukan. Atawa, aya kira-kirana malaikat nu bisa dipentaan mangjawabkeun?

²Aral ku diri, hayang paeh awahing ku jengkel-jengkelna, eta mah nya bodo nya tanpa guna.

³Kuring geus manggih aya nu garejul nararanjung, tapi harita keneh ge tempat tinggalna ku kuring disapa.

⁴Anak-anakna teu jaramuga, di pangadilan teu aya nu ngabela.

⁵Beubeunangan panenna, malah gandum nu di rungkun ge bakal ledis ku nu kalaparan. Kakayaanana dipikasirik ku nu aus kana harta. Harta bandana wungkul keur teureuyeun batur.

⁶Piraku atuh kajahatan bijil ti jero taneuh, piraku kasusah bijil ti jero bumi onaman.

⁷ Lain, lain ti dinya. Manusa cilaka teh ku polahna keneh bae, cara silalatu mararetel tina seuneu.

⁸ Mun kuring jadi anjeun, pasti nyaluuh ka Allah, rek balaka sumeja sadaya-daya.

⁹ Sabab sugri damel-Na anu araheng ku urang hamo kaharti, sagala mujijat-Na teu aya wates wangenna.

¹⁰ Mantenna nurunkeun hujan, tanah-tanah jeung tegalan disiram.

¹¹ Ku Allah mah nu laip dijait, nu tagiwur dililipur.

¹² (5: 12-13) Mantenna ngagagalkeun rarancang jalma lalicik ngajiret anu palinter ku rarancangna sorangan nepi ka sagala usahana taya hasilna.

¹³ (5: 12)

¹⁴ Pikeun anu kararitu, cacakan winci manceran, nepikeun ka talag-tolog lir ti peuting.

¹⁵ Balikanan nu mariskin, ku Mantenna dijagi ti baya pati, nu kakurangan, diraksa tina paneunteuinganan.

¹⁶ Nu malarat, ku Mantenna dibeberah, anu jarahat dibungkem, henteu bisa kecat-kecet.

¹⁷ Jalma anu dipeperih ku Allah mah bagja! Anu matak ulah aral lamun disandangan lara.

¹⁸ Mun Mantenna ngaraheutan, Mantenna keneh nu ngalandongan. Upama Mantenna neunggeul, Mantenna keneh nu ngusapan.

¹⁹ Saban winci urang dijagi tina balai,

²⁰ usum kalaparan, moal paeh kalaparan,
usum perang moal paeh ku perang.

²¹ Ti nu linyok ti nu bohong, urang teh
diaping-aping, dijauhkeun tina sagala
bancang pakewuh.

²² Ancaman lapar, ancaman kakerasan, ku
urang diseungseurikeun; ku sato galak ge teu
sieun.

²³ Waktu eukeur ngawuluku, taneuh riduh
euweuh batu, tur teu kudu hariwang ku sato
galak.

²⁴ Ana keur reureuh di saung, senang teu
aya kabingung, ret nenjo ka ingon-ingon,
gede hate da aman taya bahaya.

²⁵ Anak incu mani reuay, turunan geus teu
kabilang, tanding jukut di sampalan.

²⁶ Hirup seubeuh panjang umur, nepikeun ka
aki-aki, mun pare mah tepi ka koneng, nepi
ka mangsa dipanen.

²⁷ Tah kitu saderek Ayub, kitu pamanggih
ti kuring, beunang lila diajar tina luang anu
kaalaman. Pek nyanggakeun, mugi-mugi
katarima."

6 ¹(6:1-2) Ayub: "Duka lara diri kuring,
mun ditimbang ku taraju,

²(6:1)

³beurat alah batan keusik sapanjang basisir.
Piraku henteu kamalum, lamun kuring tadi
kalepasan omong.

⁴Awak katiir jamparing Allah Nu Maha
Kawasa, peurahna nyaksrak saluar awak. Diri

diambreg ku sagala pirentageun anu diatur
ku Allah.

⁵Kalde, ari keur ngagabres jukut tara
hohoang, sapi, najan nyatuan jukut garing
tara emoh-emohan.

⁶Tapi cik, saha nu beuki kadaharan anu
hambar teu diuyahan? Naon ngeunahna
endog bobodasna wungkul?

⁷Dahareun jiga kitu, kuring mah henteu
hayang-hayang acan, didahar ge kalah ka
sebel.

⁸Ku naon atuh pamenta kuring ku Allah
henteu dikabul? Ku naon atuh panyambat
kuring henteu didangu?

⁹Kahayang teh bek bae kuring ku Mantenna
paehan.

¹⁰Lamun bek mah ku Mantenna dipaehan,
meureun emprak awahing ku atoh-atohna,
keun bae nyerina mah moal dirasa. Da nyaho
Allah mah suci, sagala timbalana-Na ku
kuring hamo dilawan.

¹¹Naon nya tanaga nu matak kuring hirup
bae teh? Keur naon dihirupan ge, ari euweuh
arep-arepeunana deui mah?

¹²Na diri kuring teh tina batu, awak kuring
teh tina tambaga?

¹³Kuring geus teu daya teu upaya, tapi ka
saha nya menta tulung, ka ditu suwung ka
dieu suwung.

¹⁴ Waktu keur sangsara kieu, boh ninggalkeun Allah, boh henteu, kuring teh butuh sobat sajati.

¹⁵ Ari heug aranjeun mah, anu majar nyobat, bet lain puntanganeun, jeg walungan keur katiga mani ngolettrak.

¹⁶ Jeg walungan anu katutup ku es jeung salju,

¹⁷ ari geus kapanasan bet ngadak-ngadak saat, dasarna mani ngolettrak.

¹⁸ Kapilah bati kokolopokan neangan cai, ubak-ubek di gurun keusik nepi ka paraeh pating golepak.

¹⁹ Kapilah ti Syeba reujeung ti Tema, gura-giru maruru eta walungan.

²⁰ Ari datang les musna harepanana, nempo walungan garing ngolettrak.

²¹ Tah aranjeun ka kuring ge jeg walungan siga kitu, nenjo nasib kuring kieu teh ngajenghok sieun.

²² Na kuring bieu ka anjeun teh pepentaan? Atawa menta dipangnyogokkeun si Anu?

²³ Atawa menta dibela sangkan rahayu, boh ti musuh, boh ti jalma anu telenges?

²⁴ Pek, kuring papatahan, tuduhkeun naon kasalahana, kuring rek cicing, rek ngaregepkeun.

²⁵ Omongan anu ihlas mah matak sugema. Tapi eta anu keur diomongkeun ku anjeun teh omong kosong.

²⁶Omongan kuring ku anjeun dianggap angin, tapi ari kuring humandeuar bet ditempas!

²⁷Balikanan anjeun, ka budak pahatu ge tega ngalotrekeun nasibna ku ngalung dadu. Malah ka sobat dalit ge tega meres keneh bae, da hayang beunghar.

²⁸Bisi pajarkeun bohong, yeuh teuteup beungeut kuring.

²⁹Geus kacida ngalanturna omongan anjeun teh. Meujeuhna eureun tina micatur anu teu bener. Ari ieu bet kuring nu disalahkeun, padahal kuring nu bener.

³⁰Tapi kitu tea bae, ceuk pamikir anjeun mah keukeuh kuring nu teu bener, keukeuh nyangka yen kuring teu nyaho bener jeung salah.

7 ¹Hirup jalma lir prajurit nu dipaksa perang, lir kuli beurat ku gawe,

²lir budak beulian hayang manggih keur ngluhan, lir pagawe nunggu-nunggu buruhan.

³Undur bulan cunduk bulan, diri samar menyat deui. Beurang deui peuting deui, batipurih dina ati.

⁴Ari geus dug arek hees, waktu teh asa ngarayap, lelembutan sapeupeuting kumalayang, hayang buru-buru isuk.

⁵Awak digurumut ku bilatung, pinuh ku budug, kulit bareulah pinuh ku nanah.

⁶Poe-poe kuring nyerelek tanpa harepan, nyerelekna leuwih gancang ti batan lepasna toropong tinun.

⁷Duh Gusti Allah, umur abdi mung napas sarenghap, geus dikantun ku kabagjaan.

⁸Ayeuna katingali ku Gusti, nanging moal lami engke mah mun ku Gusti dipilari, abdi teh parantos sirna.

⁹(7: 9-10) Jalmi mah ibarat mega, beuki ipis beuki ipis, les bae ngiles, ana maot moal balik-balik deui, musna tina ingetan sobat-sobat kawawuhan.

¹⁰(7: 9)

¹¹Ku sabab eta kuring moal rek ngabetem, lantaran pinuh ku kajengkel hate, pinuh ku kapeurih ati, rek nyoara bae.

¹²Na ku naon ku Gusti dugikeun ka diawas-awaskeun teuing? Mani sapertos ka mahluk sagara nu pikasieuneun bae!

¹³Ku hayang tiasa reureuh bari ngahenen ngagoler, hayang aya ubar nu bisa ngurangan ieu kanyeri.

¹⁴Ari ku Gusti kalah ka diudag-udag ku impian nu garoreng, dibebegigan ku titingalian pikasieuneun.

¹⁵Langkung sae cekek bae atuh abdi teh, paehan sakalian, tinimbang hirup dikieu-kieu.

¹⁶Abdi pasrah, parantos bosen hirup. Kantunkeun bae, da hirup ge taya hartosna.

¹⁷ Kangge naon manusa teh sakitu ditalingakeunana, Gusti? Kangge naon satincak-tincakna hantem bae diawaskeun?

¹⁸ Dilinglingan saban enjing, diuji siap menit.

¹⁹ Teu pisan dibere minge, henteu kaur neureuy ciduh-ciduh acan.

²⁰ Naha ngaraos rugi Juragan Sipir teh ku dosa abdi? Ku naon abdi dijieun bahan padamelan Gusti? Naha abdi teh kacida ngarepotkeunana ka Gusti?

²¹ Naha leres dosa abdi teh parantos teu pantes kenging hampura? Naha leres kalepatan abdi moal dipaparin ampun? Sakedap deui ge abdi teh bakal ngagoler dina liang kubur, pamohalan ku Gusti kapendak deui."

8 ¹(8: 1-2) Bildad: "Anggeus meureun ayeuna mah, catur nu sakitu ngagelebugna teh!"

²(8: 1)

³ Allah mah hamo nyimpang tina kaadilan, hamo salah ngalarapkeunana.

⁴ Nu dorakana ka Allah teh moal salah deui, anak, nya tangtu dihukum, satimpal jeung pamolahna.

⁵ Kari anjeun, matak naon lamun tobat, neda ampun ka Allah Nu Maha Kawasa.

⁶ Asal bener Ki Sobat jujur beresih, piraku Allah teu kersa mitulung. Rumah tangga Ki

Sobat tangtu dipulihkeun deui, minangka ganjaranana.

⁷ Harta banda nu geus musna kaitung taya hartina, lamun dibanding jeung nu engke, nu baris dipaparinkeun deui ku Allah.

⁸ Coba nyoreang heula ka anu barijaksana baheula, kana benerna pamanggih karuhun urang.

⁹ Hirup urang keur mah pondok, turug-turug urangna ge henteu terang naon-naon, urang teh jeg kalangkang dina beungeut taneuh.

¹⁰ Tapi tengetkeun ieu piwulang jalma-jalma bijaksana jaman baheula, regepkeun ieu nu rek dikedalkeunana,

¹¹ Jukut walini piraku jadi, saupama taya cai, da anu kitu mah moal hirup lamun lain di nu ledok.

¹² Ana cai enggeus garing, eta nu pangheulana perang, ngora-ngora keneh ge geus paeh, henteu kaburu diala.

¹³ Jalma-jalma anu teu baroga Allah ge kitu, cara jukut walini tea, moal teuing kana menyat deui, dumeh mophokeun ka Allah.

¹⁴ Hirupna teh, lir nu nyukang dina benang, nete kana ramat lancah.

¹⁵ Naon kakuatanana ramat, na bisa disarandean? Naon kakuatanana benang, naha beunang dipuntangan?

¹⁶ Hirupna jelema jahat, lir areuy salaleger kasorot ku panonpoe, mani nyayang nyaliara sabudeur kebon,

¹⁷ akarna ngaranggeum batu, pageuh nyangkerem kana batu cadas.

¹⁸ Tapi lamun geus dicabut, geus hamo kaciri urut-urutna acan.

¹⁹ Ngan semet kitu kajayaan jelema jahat mah, terus musna, urutna diandih ku nu lian.

²⁰ Allah mah hamo nilarkeun jelema anu satuhu, hamo nulung ka jelema anu jahat.

²¹ Ki Sobat ge tangtu ku Mantenna dijungjung deui, bisa seuri deui, bisa surak deui.

²² Balikanan anu ngewa ka Ki Sobat, tinangtu nandang wiwirang. Pangancikan jalma jahat mah tinangtu musna."

9¹ (9: 1-2) Ayub: "Enya, kuring ge geus nyaho. Piraku manusa bisa ngalawan Allah?

²(9: 1)

³Na aya nu bisa ngalawan ka Mantenna? Mantenna iasa merekpek ku sarebu pertanyaan, hiji ge moal aya nu kajawab ku manusa.

⁴Allah ieuh, nya pinter nya Maha Kawasa, pamohalan jelema teh kuat ngalawan.

⁵Ana Mantenna geus bendu sok tara tatapasini deui, gunung-gunung digempur sina rarugrug,

⁶bumi digunjang-ganjing ku lini, paseuk-paseuk jagat dicabutan.

⁷ Ku Allah mah panonpoe ge dipondah teu bisa bijil, bentang-bentang henteu bisa narembongan.

⁸ Mantenna mantengkeun langit, nyalira bae, bari nincak kana tonggong mahluk sagara.

⁹ Di langit ngagantungkeun bentang: Bentang Biruang, Bentang Orion, Bentang Tujuh, Bentang Kidul.

¹⁰ Padamelana-Na nu araheng ku urang henteu kaharti, mujijat-Na teu aya wates wangenna.

¹¹ Mantenna aya ngalangkung, tapi ku kuring teu katenjo.

¹² Ari enggeus mikapalay, naon ge dicandak, taya anu bisa mapalangan, tara aya anu wani tumaros, Keur damel naon?

¹³ Ana bendu sok kadalon-dalon (teu bisa dipondah), musuh-musuhna, nu ngabantu Rahab si mahluk sagara, nu ngalawan ka Mantenna tea, diremukkeun.

¹⁴ Komo kuring, pimanaeun bisa manggih piucapeun keur ngalawan ka Allah?

¹⁵ Sanajan kuring bener ge, mo bisa nempas, kalah ka kapaksa menta dipikarunya, ku Mantenna nu mutus perkara kuring.

¹⁶ Jeung sanajan ku Mantenna dibere tempo keur ngomong, kuring mah teu percaya yen kersaeun ngadangukeun.

¹⁷ Kalah ka teu puguh-puguh, kuring disina dibuntang-banting ku angin topan.

¹⁸Kuring teh teu meunang ngarenghap-
ngarenghap acan, sagala damel-Na ka kuring
wungkul ngagerihan ati.

¹⁹Kudu maksakeun ngalawan? Ngalawan
ka Allah? Arek maksa ngagusur Mantenna
ka pangadilan? Saha nu sanggup maksa ka
Mantenna?

²⁰Najan kuring bener tur satemenna, ana
pok mah ngomong saucap-ucap teh bet
salah, saucap-ucap teh matak cilaka bae.

²¹(9: 21-22) Ayeuna mah, sanajan enya
bener ge paduli teuing, da kuringna enggeus
bosen hirup. Rek salah rek bener, ku Allah
manusa teh teu burung ditumpur.

²²(9: 21)

²³Lamun anu bener tea ngadadak paeh,
Allah kalah ka gumujeng.

²⁴Dunya ku Allah geus diserenkeun ka nu
jarahat, hakim-hakim sina lolong. Lamun lain
ku Allah, ku saha deui?

²⁵Umur kuring ngabelesat siga anu balap
lumpat, sapoe ge teu kungsi panggih jeung
bagja.

²⁶Lajuna lir parahu balap, rikat alah batan
heulang nyamber hayam.

²⁷(9: 27-28) Sakitu kanyeri dipopohokeun,
bari maksakeun diri ngahehegar maneh,
karasana kalah ka beuki kasiksa, tetela kuring
teh ku Allah tetep dianggap doraka.

²⁸(9: 27)

²⁹ Ku sabab tetep dianggap salah, keur naon atuh nyusahkeun maneh oge?

³⁰ Najan dihantem diseretu, diri kuring pamohalan bisa beresih.

³¹ Ku Allah ge kalah ka dibalangkeun ka jarian, papakean jarareblog matak gareuleuh.

³² Manasina Allah teh jelema, meureun bisa ditembal dicental, meureun bisa dibawa ka pangadilan, ngarah putus mana nu salah.

³³ Kaya kieu mah kuring cekcok jeung Allah teh teu aya nu bisa nyapih, moal aya nu bisa mutus, saha nu salah, kuring atawa Allah.

³⁴ Duh Allah, cik ulah kitu-kitu teuing! Nyiksa teh mani pupuasan!

³⁵ Teu sieun abdi mah ngomong kitu ge, da ceuk rarasaan mah abdi teh bener!

10¹ Abdi parantos teu kiat hirup, wungkul ngarasakeun kapeurih.

² Atuh Gusti teh ulah mung nyalahkeun bae, sebatkeun lantaranana nu matak ijid ka abdi.

³ Naon maksad Gusti dugi ka telenges kitu? Naha ngahaja bae bade ngapeskeun dadamelan ku Anjeun, bade ngayunkeun pangreka jelema jahat?

⁴ Ari Gusti ningali perkara teh sami sareng jalmi?

⁵ Ari yuswa Gusti sami sareng umur manusa?

⁶ Naha atuh dosa abdi dugi ka disusud-susud, kalepatan abdi dugikeun ka dikorehan?

⁷ Gusti kena-kena uninga yen abdi mo aya nu bisa nulung, najan bener ge tetep bae disalahkeun.

⁸ Pedah abdi kenging Gusti ngawangun sareng ngarakit, heug Gusti ngaraos wenang ngaruksak deui.

⁹ Pedah abdi dipidamel tina taneuh porang, bade diremukkeun dijadikeun deui lebu?

¹⁰ Gusti ka pun bapa maparin tanaga, supados abdi tiasa yuga. Di jero kandungan abdi ku Gusti dibayuan.

¹¹ Raga abdi ku Gusti diwangun ku tulang, dianyam ku urat sarap, tulang dibungkus ku daging sareng kulit.

¹² Lajeng dipaparin nyawa, didama-dama, dijaga diraksa, dugi ka usik tiasa hirup.

¹³ Ayeuna mah abdi terang, sihoreng sapanjang kitu teh cicing-cicing Gusti bade nyilakakeun abdi.

¹⁴ Manahoreng abdi dijieun geusan intipeun, teanganeun kasalahan, sangkan teu layak kenging hampura.

¹⁵ Teu kaop lepat saeutik sok jebet bae digitik. Sawangsulna ari bener, ukur diapilainkeun. Mani seubeuh ku Gusti dihihina dikakaya.

¹⁶ Teu kaop mun ningali abdi menyat, Gusti mani kawas singa, sebrut ngudag buru-buru, malah pinton kasaktian, ngarah abdi cilaka.

¹⁷ Tur Gusti mah tara kirang-kirang saksi keur nuding ka abdi sangkan aya jalan geusan

bendu teterasan. Mun hoyong ngagitik deui,
Gusti tara kirang-kirang akal.

¹⁸ Naha atuh abdi kapungkur diantep lahir ka
dunya? Matak naon mun teras bae paehkeun,
memeh katingal ku pada jalma!

¹⁹ Langkung sae tina kandungan teh
antepkeun burusut tuluy ti batan diantep
hirup.

²⁰ Parantos atuh abdi teh tinggalkeun, da
moal lami deui ge sakarat, samemeh hos
hayang bisa minge heula.

²¹ Moal datang ka teu hilang, moal mulang-
mulang deui, mulang ka alam nu poek
mongkleng,

²² alam nu peteng ngajumbleng turta
pakusut, cahaya ge di dinya mah angger-
angger poek."

11 ¹(11:1-2) Sopar: "Moal diwalonan eta
obrolan Ayub teh? Seja dihaminan bae
catur anu sakitu panjangna teh?

²(11:1)

³Ayub, dikira eta kasauran teh mo aya
nu bisa ngabantah? Dikira nu lian baris
kaapeupeuh mun anjeun baceo?

⁴Anjeun ngarasa bener sorangan, ngarasa
beresih di payuneun Allah.

⁵Teuing ku hayang, Allah ku manten kersa
ngawaler ka anjeun!

⁶Muga-muga ka anjeun nerangkeun, yen
kapinteran teh rupa-rupa, tur rea anu teu
katepi ku uteuk manusa, ku jero-jerona. Mun

dibanding jeung gedena dosa anjeun, eta hukuman ti Mantenna teu sabaraha.

⁷ Na sanggup anjeun neuleuman wawatesan kaagungan jeung kakawasaan Allah?

⁸ Dalah langit nu ku urang teu kahontal, ku Allah mah katepi kasungsi. Mantenna awas ka alam kubur, urang mah henteu.

⁹ Kaagunganana ngungkul-an legana jagat, ngungkul-an legana samudra.

¹⁰ Upama anjeun ku Mantenna didakwa sarta didoja, saha anu bisa ngahalang-halang?

¹¹ Allah mah teges, mana jalma anu taya harga, awas kana sagala lampah jahatna.

¹² Jalma bodo kakara bisa mimiti pinter, engke lamun kalde jarah geus lindeuk ti barang borojol.

¹³ Sing pasrah ka Allah, masing muntang ka Mantenna.

¹⁴ Kadorakaan, kaluluputan, jauhkeun ti rumah tangga,

¹⁵ sangkan teuneung sarta tanggah ngalawan paneka dunya.

¹⁶ Lamun kitu sagala kasusah baris ngiles tina ingetan. Mun caah mah geus eureun, mo kainget-inget deui.

¹⁷ Nya hirup kari mencrangna, leuwih ti batan srangenge wanci manceran, nu tadina poek mongkleng, baris ngagebray lir cahya pajar.

¹⁸Moal teu ngarasa aman turta pinuh ku harepan, ku Allah baris diraksa, dipaparin katengtreman.

¹⁹Teu kudu rempan sieun aya musuh, malah loba nu baris marenta tulung.

²⁰Sabalikna nu jarahat bati culang-cileung jeung tagiwur, teu maranggih panglumpatan, nasibna kari sarupa, nya tiwas jadina."

12¹(12:1-2) Ayub: "Atuh nu kitu mah geus lumrah. Nu kawas kitu mah mun jelemana paeh kanyahona oge paeh.

²(12:1)

³Kuring ge kanyaho teh loba, teu beda ti anjeun, kalah ka kumaha ge moal eleh. Nu dicaturkeun bieu ku anjeun, sarerea ge geus nyaho.

⁴Behna mah sobat-sobat ge bet nyeungseurikeun. Tur kuring teh sakitu benerna, teu boga salah. Tapi iraha-iraha ge panyambat kuring ku Allah tangtu didangu.

⁵Kena-kena keur sarenang, wani ngulinkeun ka kuring, sasat ngalelepkeun nu titeuleum.

⁶Tapi biasa, bangsat jeung jalma-jalma nu teu baroga Allah mah, najan miallahna teh ngan kana kakuatan sorangan, sok teu burung hirupna sarenang.

⁷Aranjeun mah ka bangsa manuk jeung margasatwa ge, perlu keneh diajar.

⁸Pek tatanya ka mahluk darat jeung laut tina hal pangartina.

⁹Kabeh ge nyarahoeun, yen maranehna beunang ngadamel panangan Allah.

¹⁰Memang Allah anu ngatur kahirupan mahluk-Na, hirupna tiap manusa aya dina kawasa Mantenna.

¹¹Ceuli teh gunana pikeun ngadengekeun omongan, cara letah pikeun ngarasakeun ngeunahna kadaharan.

¹²(12: 12-13) Jalma nu geus karolot baroga hikmat, tapi Allah mah nya kagungan hikmat nya kagungan kakawasaan, jalma anu geus karolot baroga paham, ari Allah mah paham kagungan, wewenang kagungan.

¹³(12: 12)

¹⁴Nu diruag ku Allah taya nu bisa ngadegkeun deui. Anu dikurung ku Allah, taya anu bisa ngaleupaskeun.

¹⁵Mun Mantenna nahan hujan, heug halodo. Mun cai ku Mantenna dibedahkeun, ger caah.

¹⁶Mantenna digjaya, salalawasna unggul. Nu hianat, nu dihianat, duanana aya dina kakawasaana-Na.

¹⁷Kapinteran pangagung dirampas, para pamingpin disina barodo.

¹⁸Raja-raja dirorod didamel sakitan.

¹⁹Imam-imam jeung nu ngasta kawasa direndahkeun.

²⁰Jalma-jalma nu dipake pananggeuhan dibungkem, pangarti jalma karolot dirorod.

²¹Jalma nu ngasta kawasa dihina, para pangagung dieuweuhkeun kakuatanana.

²² Tempat anu poek mongk leng ku Mantenna
sina caang.

²³ Mantenna nu ngersakeun bangsa-bangsa
jembar digjaya, Mantenna keneh anu
ngapeskeunana.

²⁴ Pamingpinna disina barodo. Sina kapader
sararasab.

²⁵ Gupuy-gapay di nu poek, tingjarigjeug
siga nu mabok.

13¹ (13: 1-2) Eta omongan, saucap-
ucapna pikeun kuring mah teu aneh
deui. Lain ngan anjeun bae, kuring ge nyaho
taya kacekna.

² (13: 1)

³ Kuring kukulutus teh lain ka aranjeun, tapi
ka Allah, rek ngabela perkara kuring.

⁴ Aranjeun teh bodo, tapi pura-pura pinter,
nyeta-nyeta dukun lepus padahal taya
kamampuh.

⁵ Mending repeh, sugar bae disangka pinter!

⁶ Anggursi dengekeun, heug ngaraskeun ka
kuring.

⁷ Rek naon bohong pipinteranan? Kutan rek
ngabantu Allah ku bohong?

⁸ Arek sasanggupanan mantuan ka
Mantenna, arek ngabela perkara Mantenna di
pangadilan?

⁹ Lamun diri aranjeun ku Mantenna ditoong
ditempo, aya kira-kirana nu hade di dinya?
Dikira Allah iasa dibobodo kawas aranjeun
ngabobodo manusa?

¹⁰Kereteg prasangka anu buni ge, mo burung ku Mantenna diseukseukan,

¹¹kakawasaan Mantenna bakal nagiwurkeun anjeun.

¹²Papatah-papatah aranjeun lir kebul, taya gunana. Pangbantah-pangbantah aranjeun lembek kawas taneuh porang.

¹³Jadi, mending repeh, kuring rek nyarita. Balukarna mah kumaha engke.

¹⁴Geus nekad, paeh hirup kumaha behna.

¹⁵Rek dipaehkeun oge ku Allah mangga teh teuing, da puguh geus taya pisan harepan. Jadi matak naon mun balaka ngabela sagala laku lampah ka Mantenna.

¹⁶Malah ceuk rarasaan, wani kieu teh asa matak salamet, da ari nu jahat mah piraku wani kieu ka Allah.

¹⁷Jadi, bandungan ieu omongan kuring.

¹⁸Kuring geus tarapti, omongan enggeus diatur, sabab yakin diri kuring bener.

¹⁹Ya Allah, Ieres Gusti teh bade nuding ka abdi? Upami Ieres, teu sawios abdi seja repeh dugi ka paeh.

²⁰Nanging gaduh dua rupi panuhun. Upami dikabul, abdi moal dugi ka nyumput ti kersa Gusti.

²¹Kahiji, abdi ulah hantem bae disiksa, kadua, ulah dibegbregan bae ku kasieun.

²²Bilih bade Gusti heula nu nyual, mangga, abdi nu ngawangsul. Bilih kedah abdi heula, mangga, Gusti anu ngawaler.

²³ Mangga sebatkeun bae, sakumaha seueurna kalepatan sareng dosa abdi, sebatkeun bae, naon kajahatanana.

²⁴ Ku naon Gusti teh mungkur ti abdi, ku naon abdi teh dianggap musuh?

²⁵ Bade ngagebrag? Abdi mah ukur kalakay, gampil diramesna, sakadar jarami garing, gampil diririkesna.

²⁶ Anu pait anu peuheur, breg ku Gusti dibegbregkeun ka diri abdi, malah kasalahan nu enggeus-enggeus ge begbregkeun sakalian.

²⁷ Suku dibangkol, dirante, unggal lengkah diawaskeun, malah ka tapak-tapakna dugi ka dilelekan.

²⁸ Atuh tangtos bae abdi teh ngarempseyek jeg kai bobo, jeg baju dihakanan geget dugi ka karancang.

1 4 ¹Ti barang lahir manusia teh lemah teu aya daya, pondok umurna seueur kasusahna,

²enggal alum enggal murag cara kembang, les musna cara kalangkang.

³Kersa Gusti mandang saeutik mah ka abdi, ya Allah? Atanapi abdi teh bade dijogokeun ka pangadilan?

⁴Manusa mah mo tiasa ngabijilkeun sipat suci kawantos sipat kaayaanana najis.

⁵Jumlah umurna, jumlah bulanna ku Gusti parantos dipatok ti samemehna ti

sateuacanna parantos dipasti hamo bisa
robah deui.

⁶Tong ditingalikeun bae, mending antep sina
nyorangan, sina ngararasakeun genah tina
hirupna anu pinuh ku kacape.

⁷Leuheung tangkal, dituar ge henteu
lapur-lapur teuing, da osok sirungan deui,

⁸najan akarna ngolotan, tunggulna paeh
kaurugan taneuh,

⁹ana kasaba ku cai mah pelentung kaluar
sirung, semu hurip kawas pepetetan anyar.

¹⁰Ari jalmi ana maot tuluy buntu, hirupna
duka ka mana tulunya.

¹¹Jeg walungan saat ngolettrak, eureun
ngocorna, kawas talaga surud caina, tuluy
garing,

¹²kitu keneh jalma ana geus paeh moal
hirup deui, nepi ka leungitna langit ge
moal hudang-hudang, moal lilir-lilir pikeun
saterusna.

¹³Anggursi abdi sumputkeun, di ditu di alam
nu paraeh, masing buni, ngantos bendu Gusti
sirna, nepi ka cunduk waktuna abdi dipiemut
deui.

¹⁴Na tiasa jalmi nu parantos maot hirup
deui? Abdi mung hayang enggal leupas tina
ieu kalaraan, hayang rada senang ulah kawas
ayeuna.

¹⁵Supados samangsa-mangsa digentraan
bisa enggal ngawangsul, tangtos ieu mahluk
kagungan teh ku Gusti baris kamanah.

¹⁶Najan saincak-incak angger diawaskeun bae, nanging tangtos moal ditaliti deui salahna,

¹⁷da parantos dihampura, dilubarkeun tina dosa, sugri kaluluputan parantos dipupus.

¹⁸Sakumaha gunung-gunung lalongSOR urug, cadas-cadas ngalaleser,

¹⁹batu-batu Ialegok kacurugan ku cai taneuh palid ku hujan gede. Nya kitu pisan Gusti oge ngabasmi pangharepan hirup manusa.

²⁰Manusa geus eleh ku Gusti, lajeng diusir salalamina beungeutna diparieuskeun kana pati

²¹najan anakna marulya, manehna teu terang-terang, atanapi lamun anakna dihihina, manehna teu mendak beja,

²²wungkul ngarasakeun kanyeri anu keur nyiksa ragana, bari hatena banget nalangsa."

15¹(15:1-2) Elipas: "Omong kosong Ayub, omong kosong!

²(15:1)

³Jelema pinter mah pamohalan nyarita kitu, euweuh pisan eusina, teu bisa dipake ngabela diri.

⁴Omongan saperti kitu matak kapok jelema sieun ku Allah, matak ngahalang-halang jalma sasambat ka Mantenna.

⁵Saban ucapan nyirikeun kereteg hate nu goreng, mindingan kasalahan ku nganggit-nganggit ucapan.

⁶Teu dicela ku kuring ge anjeun teh geus
kacela ku omongan sorangan.

⁷Dikira anjeun teh manusa nu pangheulana?
Na nyaksian waktu Allah ngadamel
gunung-gunung,

⁸atawa geus kabeneran ngadenge
rancangan-rancangan Allah? Ngan anjeun
bae kitu nu boga kapinteran teh?

⁹Anu anjeun nyaho, taya sarupa anu kuring
teu nyaho,

¹⁰da kuring ge pinter, beunang guguru ti
nu geus caretuk dawuk, anu gumelarna ka
dunya beh ditueun bapa anjeun.

¹¹Allah ka anjeun geus maparin panglipur,
ku naon embung narima? Kuring nyarita teh
kalawan asma Mantenna tur sakecap-kecapna
sakieu leuleuyna.

¹²Bet anjeun kalah ka napsu, ka kuring
nepikeun ka tibubuncelik.

¹³Ka Allah nepikeun ka wani jengkel, wani
nyalahkeun.

¹⁴Na aya manusa anu enya henteu boga
kasalahan, anu bener di payuneun Allah?

¹⁵Dalah ka para malaikat-Na ge Allah teh
teu percanten, da eta ge keur Mantenna mah
taya nu beresih pikiranana.

¹⁶Komo jalma sipat ruksak taya harga,
kawantu tuman notor kagorengan, mani
dileguk kawas cai.

¹⁷Yeuh bandungan ieu kanyaho kuring anu
bener,

¹⁸beunang guguru ti nu palinter. Tur aranjeunna ge beunang guguru deui ti sepuh-sepuhna, sarupa ge teu aya anu henteu diajarkeun.

¹⁹Di nagri aranjeunna taya pisan urang asing, taya saurang nu baris nyasabkeun aranjeunna ti Allah.

²⁰Mungguh jalma jahat tukang ngakaya batur, saumur-umur hirupna ngan gegebeg, an-

²¹soara pikasieuneun kadenge ku manehna, eukeur jongjon ngeunah-ngeunah, ana gerebeg teh digarong.

²²Turug-turug taya taksiran bisa nyingkiran poek, sabab di mana-mana geus nyampak gobang rek maehan.

²³Manuk nu bareuki daging geus ngadaragoan, rek ngaharakanan bangkena. Karasaeun yen dirina geus teu boga harepan,

²⁴balaina geus ngajega, megat rek ngarogahala, cara lakuning raja perkasa.

²⁵Tah kitu nasib jelema anu ngamang- ngamang peureup ka Allah teh, nantang ka Anu Maha Kawasa.

²⁶(15: 26-27) Jalma kitu gede hulu, ku bedegong-bedegongna ka Allah ge wani ngudag, nangtang tarung bari ngacung-ngacung tameng.

²⁷(15: 26)

²⁸Eta teh sok ngajabelan kota-kota ngarampasan imah-imah batur anu

ditinggalkeun kabur. Tapi eta kota-kota jeung imah-imah teh baris tumpur ku perang.

²⁹ Beungharna moal bisa lila sagala pangabogana moal aya nu awet umurna, malah kalangkang dirina ge bakal musna.

³⁰ Pamohalan ucul tina pepeteng, kaayaanana lir tangkal anu dahan-dahanna geus garareheng ku seuneu, sarta kembangna beak murudul ku angin.

³¹ Lamun ngandelkeun kagorengan, lantaran gejul, ganjaranana ge kagorengan deui.

³² Hirupna ngararas samemeh mangsa, lir dahan geus ngarangrangan moal bisa seger deui.

³³ Lir tangkal anggur anu buahna geus beak samemeh asak, lir tangkal jetun nu marurag kembangna.

³⁴ Jalma jahat mah moal boga turunan, imah meunang nyieun tina panyogok mah bakal beak kaduruk.

³⁵ Kitu temahna tukang julig tukang nyieun kagorengan mah, anu angen-angenna pinuh ku hasud."

16¹ (16:1-2) Ayub: "Pamanggih kitu mah kuring ge mindeng ngadenge. Bororaah jadi pangbeberah, kalah ka ngagerihan hate.

² (16:1)

³ Rek hayoh bae nyorocos nepi ka kiamat? Moal beak-beak piomongeun?

⁴ Mun seug anjeun jadi kuring sarta kuring jadi anjeun, kuring oge bisa ngomong kitu, malah bari rek manggut-manggut nandakeun luhur panemu, piraku anjeun teu palid ku omongan kuring,

⁵ nu dieusi bongbolongan jeung pangbeberah, ngalelemu ku kecap-kecap anu garenah.

⁶ Ieu kanyeri henteu bisa kabangbrangkeun mun dibawa repeh. Dalah dikumaha.

⁷ Ya Allah, awak abdi ku Gusti disasaak, anak tumpes ku Gusti sina paraeh.

⁸ Sihoreng Gusti teh musuh, tega nganiaya ka abdi dugi ka ngajangjawing kieu kantun kulit sareng tulang. Ku batur mah dipajarkeun cingcirining gede dosa.

⁹ Ku Allah disasaak, anggahota awak pasiksak. Socana ka kuring mani hurung awahing ku cua.

¹⁰ Ku jalma dijarebian, dirogrog ditampilingan,

¹¹ ku Allah diserenkeun ka jalma-jalma doraka.

¹² Eukeur jongjon hirup ngahenang-hening, ku Allah ujug-ujug dicekek, digaley, dibantingkeun, seug dijieun bubulanan purah nadahan panarajang-Na,

¹³ nadahan panah-Na ti unggal juru, mani rancleb kana awak, teu watir-watireun,

¹⁴ ceplok deui, ceplok deui, awak geus pinuh ku raheut. Narajang-Na jeg serdadu geus edan awahing ku ijid-ijidna.

¹⁵ Barang pake ge karung, kawantu eukeur prihatin, andiprek dina kebul nyirikeun asor.

¹⁶ Beungeut asak balas ceurik balilihuan, panon carindul tingguliweng semu geuneuk.

¹⁷ Padahal mah kuring teh iraha kejem ka batur. Jadi kuring sasambat teh kalawan satemenna.

¹⁸ Cik bumi, tong ngilungan lampah nu jahat ka kuring! Ulah nyicingkeun panyeluk kuring menta kaadilan!

¹⁹ Sina kadangu ku nu di sawarga, nu baris tandang melaan kuring.

²⁰ Babaturan maroyokan kuring batu bisa cipanonan, bari lumengis ka Allah.

²¹ Hayang teh aya nu melaan kuring di payuneun Allah kawas nu melaan sobatna.

²² Taun-taun umur kuring geus laliwat, kuring nyorang jalan taya pigeusaneun malikan deui.

17 ¹Hirup kuring geus meh tutup, napas geus meh beak tinggal kuburan nu geus ngajogo.

²Geus kawangwang, pisakumahaeun bangetna bala rea moyokna.

³Kitu Gusti, ari sabalakana mah. Tampi atuh pihatur abdi teh, da ku pada jalma mah henteu dianggap,

⁴kawantu maranehna ku Gusti dihaja, sina lalepat nimbangna perkawis abdi. Matak naon upami ayeuna ulah sina karitu bae.

⁵Aya paribasa: Anu nepi ka tega ka sobat pedah aya piuntungeun, anu keuna ku wawalesna teh anakna.

⁶Eta paribasa ku maranehna dilarapkeun ka abdi, geus bae anu ngadararenge kitu teh ka darieu, ngadon nyariduhan kana beungeut.

⁷Panon celong asa lolong balas ceurik balilihan, suku leungeun kantun sagede-gede elekan.

⁸Anu arumangkeuh jujur mani tingraranjug, mani nuding-nuding magar abdi jalma murtad.

⁹Anu baroga rasa yen dirina mah mulya beresih, pok deui, pok deui nyebut yakin yen panudingna kitu teh bener.

¹⁰Padahal lamun seug maranehna daratang sareng narangtung di dieu, saurang ge ku abdi moal kapendak aya anu bijaksana.

¹¹Umur abdi meh lastari, harepan parantos musna, kahayang teu aya nu laksana.

¹²Nanging ku ieu sobat-sobat, peuting dipajarkeun beurang, majar teh sakeudeung deui ge caang, ongkoh sidik abdi teh ripuh, nuju poek samagaha.

¹³Ayeuna mah parantos teu aya kahayang, lian ti hayang enggal-enggal meuntas ka alam kubur, hayang enggal-enggal ngagojod di alam poek,

¹⁴seja ngabapa kana astana, ngindung midulur ka cacing-cacing anu baris ngahakanan ieu jisim.

¹⁵Lebah mana ayana harepan pikeun abdi, sarupa mah? Cik saha anu ningal, sarupa mah?

¹⁶Ari parantos pindah ka alam kubur mah, parantos teu aya harepan nanaon deui."

18¹(18: 1-2) Bildad: "Ayub! Kuring mah heran, bet anjeun anu keur kitu make teu bisa repeh. Cik eureun ngomong teh, dengekeun batur.

²(18: 1)

³Na dikira batur teh bodo kawas kebo?

⁴Geuning eta kalah ka ripuh da ambek-ambekan bae. Naha kitu keur kapentingan anjeun jagat kudu runtag, gunung kudu urug?

⁵Cahaya jalma jahat mah bakal dipareuman terus, moal diseungeut deui, moal dihurungkeun deui,

⁶lampu di jero kemahna baris disina poek.

⁷Ngalengkahna memang teteg, tapi terus titajong, bluk bae labuh jadi korban polahna sorangan.

⁸Leumpang nyampeurkeun jiret, sukuna kasarimped

⁹keuneungna kajepit ku tataheunan teu bisaeun deui incah.

¹⁰Dina taneuh lebah nu buni aya jiret, dina jajalaneunana aya nu masangan pitapak.

¹¹ Balai ngintip sakurilingna, nutur-nutur lengkahna.

¹² Urut beunghar jadi kalaparan, mana dikikintil ku balai.

¹³ Awak digulung ku kasakit anu mateni, nepi ka leungeun jeung sukuna buruk.

¹⁴ Seug ditongtak ti imah tempat senangna, disered ka hareupeun Malakalmaot.

¹⁵ Ari imahna diandih batur, saha bae nu daekeun, kitu ge sanggeus disemprotan heula ku walirang, dibasmi heula kuman-kumanna.

¹⁶ Mun tangkal mah akarna paeh, dahanna gararing.

¹⁷ Ulah boro ku anu jauh, ku nu di imahna ge geus tara disebut-sebut, geus tara diinget-inget.

¹⁸ Geus dibuang ti dunyana nu harirup, disuntrungkeun ti nu caang ka nu poek.

¹⁹ Heug teu boga anak, euweuh keur nuluykeun turunan.

²⁰ Sakur anu ngadarenge nasibna, ti wetan nepi ka kulon ukur batu kukurayeun, sieun ngalaman nu kawas kitu.

²¹ Kitu bagianana jalma doraka mah. Jalma anu teu ngandel ka Allah mah kabeh oge kitu wawalesna."

19¹ (19:1-2) Ayub: "Aeh-aeh, moal eureun-eureun nganyenyeri ka kuring teh?"

² (19:1)

³Bet hayoh bae nyarekan mani lamlak dasar,
euweuh kaera!

⁴Barina ge mun enya tea mah kuring teh
salah, cik naon ngarugikeunana ka anjeun?

⁵Make ngarasa leuwih bener batan kuring,
mani pok deui, pok deui, majar pang kuring
lara kieu teh cingcirining gede dosa.

⁶Na teu kaerong yen ieu teh dihaja ku Gusti
Allah, geusan mancing-mancing kasalahan
kuring?

⁷Mantenna enggeus kaniaya ka kuring,
kuring malik teu suka. Tapi omongan kuring
euweuh nu nganggap. Menta kaadilan kitu
keneh euweuh nu nolih.

⁸Sagala tarekah taya nu laju, dihalang-
halang bae ku Allah, sina poekkeun teu bisa
mikir, nepi ka teu bisa deui ihtar.

⁹Harta banda ku Mantenna dirampas, harkat
reujeung darajat digejretkeun,

¹⁰harepan-harepan dirabut, kuringna
digaley diteundeut-teundeut, lur diantep
gering nangtung, sina paeh.

¹¹Na aya bendu pohara teuing, mani kacida
gemeseuna-Na, kuring dianggap musuh
gerot-Na,

¹²mun nu perang tea mah Mantenna mani
ngirimkeun balad, pasanggrahan kuring
dikepung, ditingker sakurilingna.

¹³Dulur-dulur sina naringgalkeun, nu
warawuh geus arembungeun deui wawuh,

¹⁴ sanak baraya jeung sobat-sobat teu nyaho ka marana.

¹⁵ Nu bareto osok larbek ngararanjang geus teu aringet-inget deui. Ku lanjang-lanjang purah babantu nepi ka dianggap si manyang-munyung.

¹⁶ Nyalukan badega teu nembalan-nembalan acan, dipentaan tulung ambleng.

¹⁷ Pamajikan nepi ka mengek irung, baueun ku ambekan kuring. Dulur-dulur pet ku hinis arembungeun deukeut-deukeut acan.

¹⁸ Barudak ari nenjo kuring teh tingcirihiil ngeak-ngeak.

¹⁹ Sobat medok narenjona bangun rek arongkek, malah jalma-jalma anu pangdipikanyaahna ge tega nonggongan.

²⁰ Kulit mani tingulawir, siga geus kari nyangsang kana tulang. Cindekna kuring teh teu samar deui tereh paturay jeung hirup.

²¹ Ku Allah diteundeut-teundeutkeun nepi ka gepeng. Anu matak cik, da aranjeun mah sobat, sing baroga rasrasan!

²² Bet kalah ka pipilueun ka Allah nyiksa kuring, nganyenyeri teh teu seubeuh-seubeuh.

²³ Hayang teh ieu omongan kuring aya nu nyatetkeun, tiap kecapna ditulis dijieun buku.

²⁴ Atawa ditatah dina batu, diukir di dinya, ngarah awet saumur-umur henteu kapupus.

²⁵Ayeuna mah keun bae, da engke ahirna mah tangtu aya nu baris ngabelaan kuring teh, ti sawarga.

²⁶Najan kulit beak ruksak ku panyakit, sapanjang boga keneh awak mah kuring mo weleh tumeuteup ka Allah.

²⁷baris katenjo ku panon pribadi, tur ku Mantenna ge moal diapilainkeun deui. Ngadenge omongan ti aranjeun, hate nepi ka ngalenyap. Da ceuk aranjeun,

²⁸Kumaha akalna sangkan manehna nyerieun hate? Seug aranjeun nyarieun ekol keur nyeklek-nyeklekkeun.

²⁹Tapi ati-ati, sing sayaga nadah pedang-pedang ti Allah, nu baris ngabudalkeun bebendu-Na, ka nu geus nyarieun dosa. Engke kakara ku aranjeun kanyahoan, yen aya Hakimna nu baris ngahukum."

20¹(20:1-2) Sopar: "Beu, nepi ka kituna Ki Ayub! Kapaksa ieu mah kudu ditimpalan.

²(20:1)

³Make ngancam sagala. Tapi kuring nyaho kudu kumaha nakisna.

⁴Anjeun tangtu nyaho, ti jaman baheula, ti barang di dunya aya manusa,

⁵acan aya jalma jahat nu lana hirup jamuga.

⁶Memang nu karitu oge osok naranjung laluhur, malah ceuk babasanna nepi ka maratan langit, sirahna nyundulan mega.

⁷ Tapi mo teu buyar lir kekebul. Nu kungsi wawuh jeung eta kari heranna nu aya, pamikirna na ka mana lesna eta jelema!

⁸ Teu beda ti impian atawa tetenjoan riwan ti peuting, leungit tanpa lebih, ilang tanpa karana, moal tembong-tembong deui,

⁹ musna ti tempat matuhna.

¹⁰ Kakayaan beunangna rarampas ti nu malarat kudu digantian ku anak-anakna.

¹¹ Urut buta tulang buta daging, bet kudu gancang-gancang mulang ka jero taneuh.

¹² (20: 12-13) Kajahatanana karasaeun ngeunahna, ngadaharna dikemut lila dina sungutna, ngarah lila ngarasakeunana.

¹³ (20: 12)

¹⁴ Ari geus nepi ka jero beuteung bet molelel, pait teu beda ti racun.

¹⁵ Tungtungna kakayaan beunangna rerebut teh kautahkeun deui, dirampas deui ku Allah, nu geus di jero beuteungna ge diudal.

¹⁶ Nu diteureuyna teh lir racun. Tangtu si jahat teh bakal paeh kawas nu dipacok ku oray matih.

¹⁷ Moal bisa terus hirup, moal nenjo walungan minyak jetun, moal nenjo susukan anu limpas ku susu jeung madu.

¹⁸ Beubeunangan usahana bakal dipulangkeun ka batur, manehna mah moal ngasaan nimat kakayaanana.

¹⁹Kawantu beunang meres, beunang ngarangsadan ti nu malarat, imahna ge meunang ngajabel ti batur.

²⁰Ku sarakah-sarakahna nepi ka euweuh kaseubeuhanana.

²¹Daharna tara nyesakeun. Datang mangsana kamuktianana leungit.

²²Keur meumeujeuhna maju, beredeg ditempuh ku sagala bancang pakewuh.

²³Keun sina jembluk heula, da moal teu dihukum ku Allah. Moal teu bendu Allah teh ka dinya.

²⁴Tur moal bisa sumingkir, luput tina pedang beusi, moal teu ngudupung beunang ku gondewa tambaga.

²⁵Awakna parat ku jamparing, congo panah ngagurilap, cer bae getihna mancer, jajantungna ngajeletot.

²⁶Kakayaan beunangna ngadama-dama ledis sapihan, dirina saanak pamajikan tingjarungkel tutung kaduruk, duka seuneu ti mana da lain beunang manusia.

²⁷Dosana ku langit didingding-dingding, ku bumi dituding-tuding.

²⁸Kamuktianana dibasmi, beak palid ku bebendu Allah.

²⁹Tuh kitu bagianana jalma jahat mah. Kitu dipastikeunana ku Allah."

21 ¹(21:1-2) Ayub: "Ayeuna bagian kuring anu ngomong, ku didarengekeun ge kuring teh geus atoh.

²(21:1)

³Barandungan heula nepi ka kuring anggeus nyarita. Ari geus anggeus onaman, rek dipoyok lakar daek ge heug bae.

⁴Kuring kukulutus teh lain ka pada manusa, tur nu matak nepi ka teu sabar ge aya sababna.

⁵Lamun daraek mah ngaraskeun, nempo kaayaan kuring kieu teh piraku henteu ngahelas, boro-boro loba omong.

⁶Kuring teh ana ras ka nu enggeus karandapan, mani rampohpoy jeung gegebegan.

⁷Na atuh ari nu jarahat, ku naon ku Allah diantep bae, hirupna sareng, umurna ge nepikeun ka karolot,

⁸barisa nyaraksian anak incuna galedé!

⁹Rumah tanggana ku Allah tara didatangan ku balai, jararauh tina pancabaya.

¹⁰Ingon-ingonna baranahan, ngajaruruna lungsur-langsar.

¹¹Barudakna jarongjon arulin tingalajret, kawas anak domba kumincir,

¹²arigel-igelan ngigelan kacapi jeung suling.

¹³Jararahat, tapi hirupna marulus, ajalna lalangsar teu kudu kasiksa heula.

¹⁴Nu jarahat nyarita ka Allah menta dijauhan da teu harayangeun nyaho kana maksad-maksad Mantenna kana hirup maranehna.

¹⁵ Majar teh taya perluna ibadah, nanaonan make kudu neneda ka Allah sagala.

¹⁶ Pangrasana lamun usahana hasil, majar teh muklis beunang ku ihtiarna sorangan. Kuring mah paliyas boga pipikiran kitu!

¹⁷ Na enya eta teh, majar nu jahat mah hirupna poekkeun bae? Coba, iraha aya nu jahat meunang balai? Na enya Allah sok bendu, nu jahat teh disiksa,

¹⁸ dibasmi kawas jarami? Atawa disina beak lir kekebul kaanginkeun?

¹⁹ Carek aranjeun, lamun bapa nyieun dosa, anak anu cilakana, nandangan siksa ti Allah. Ceuk kuring mah anu kudu disiksa mah nya anu boga dosana, keun sina ngarasa wawales tina dosana tea.

²⁰ Geus pantesna mun anu dihukum teh anu boga salahna, nu kudu nandangan bebendu ti Allah Nu Maha Kawasa.

²¹ Na bisa, jelema paeh malire kana bagja cilakana anak?

²² Na mampuh jelema teh ngajar ka Allah, anu ngahakiman dalah ka mahluk-mahluk di sawarga?

²³ (21: 23-24) Jelema teh sawareh mukti saumur hirupna nepi ka paeh, tur paehna bangun geus sugema, taya genah panasaran, sarta mayitna dipulasara kalawan utama.

²⁴ (21: 23)

²⁵ Sawareh deui jajauheun tina senang,
hirupna wungkul balangsak, paehna ditarung
kanalangsaan.

²⁶ Tapi boh nu itu boh nu ieu sarua paeh,
sarua dikubur, pada-pada jadi hakaneun
cacing.

²⁷ Nyaho kuring oge, aranjeun teh
ngadoakeun goreng,

²⁸ nepi ka majar teh, Cik eta jelema jugala
nu jahat teh, mana ayeuna imahna?

²⁹ Na aranjeun tara pangangguran ngobrol
jeung nu tas nyanyabaan? Na tacan
ngadarenge kumaha caritana?

³⁰ Di mana-mana oge ari Allah bendu jeung
nyiksa teh, angger bae anu saralamet mah
anu jarahat.

³¹ Di mana aya anu osok tudang-tuding ka
nu jahat? Komo nepi ka menta sangkan nu
jahat dibales mah, bororaah aya!

³² Ana eta nu jahat teh geus waktuna
digotong ka astana, neang kuburanana nu
geus meunang ngemitan sagala,

³³ anu nungkulan upacara nguburkeunana
ge mani rebuan. Taneuh panguruganana ge
diurugkeunana teh kacida hormatna, mani
lalaunan pisan.

³⁴ Na ari aranjeun! Anu magar rek
ngalilipur, kalah ka ngawadul teu paruguh,
ngomongkeun anu papalingpang jeung
kanyataan."

22¹ (22: 1-2) Elipas: "Na aya jelema, najan anu pangpintera, anu baris mangpaat ka Gusti Allah?

² (22: 1)

³ Upama anjeun bener ge tur hade gawe, keur Mantenna mah naon piuntungeunana, moal matak ngabantu.

⁴ Mana ku Mantenna dilara-lara, diterapan cocoba oge lain ku sabab anjeun ibadah,

⁵ tapi ku sabab geus loba teuing dosa, geus kacida dorakana.

⁶ Ka dulur ge tega ngarampas gadeanana, nepi ka ngarangsadan, nepi ka dulur teu boga keur salin-salin acan.

⁷ Ka nu mopo tara mere nginum-nginum acan, ka nu kalaparan bororaah mere dahar.

⁸ Kalah ka ngarampas tanah, dicokot salegana, ngagunakeun kakawasaan jeung kalungguhan.

⁹ Ka nu geus raranda cadu ngabantu, ka nu yatim tega ngarampog, tur neungteuinganan.

¹⁰ Atuh pantes ayeuna anjeun dironom bahla, ngadak-ngadak loba kasieun,

¹¹ poe jadi poek medem nepi ka anjeun teu bisa nenjo, sarta kalimpudan caah.

¹² Allah teh jumeneng-Na di nu pangunculna, di manggung, ka bentang-bentang anu sakitu luhurna ge ningali-Na teh bari tungkul.

¹³ Kari-kari ceuk anjeun, Uninga naon Gusti Allah, da Mantenna mah di ditu, kahalangan ku angkeub, mo iasa naon-naon.

¹⁴ Anjeun ngira, Mantenna moal ningalieun waktu keur angkat dina pelengkung langit, lantaran kahalangan ku mega.

¹⁵ Bet kitu pipikiran anjeun mah, dipake nuturkeun jalan nu disorang ku nu jarahat.

¹⁶ Mungguh nu karitu tea, memeh tepi ka mangsa ge geus palid manten ku caah.

¹⁷ Moal teu karitu jelema-jelema nu nolak Allah mah, nu teu percaya yen Mantenna kawasa ka manusa.

¹⁸ Padahal barisana mukti teh ku saha lamun lain ku Gusti Allah. Kuring mah teu ngarti kana pipikiran jelema jahat teh.

¹⁹ Nu matak pantes, mun aya nu jahat meunang wawales teh. Jelema-jelema anu balener jeung teu baroga salah mah kacida aratoheunana.

²⁰ Moal henteu, nu jarahat mah sagala pangabogana baris dibasmi, sesana dihuru nepi ka taya nu kari.

²¹ Anu matak, ayeuna mah sing nurut ka Allah, sing sadrah, ulah ngamusuhan kitu, sangkan ginanjar berkah-Na.

²² Turut piwulang-Na, imankeun timbalana-Na, teundeun dina ati sanubari.

²³ Kudu handap asor rendah hate, tobat ka Allah, eureunan sagala dosa jeung kadorakaan. Sing beresih rumah tangga teh tina sagala masiat.

²⁴ Emas-emasan piceunan, nu pangalusna ge tong lebar alung-alungkeun ka leuwi.

²⁵ Nu jadi emas perak urang, leuwih mulya batan eta, tur taya wates wangenna, nya Allah Nu Maha Kawasa.

²⁶ Lamun kitu, batin anjeun moal weleh ngait ka Allah, da karasa Mantenna teh sumber kabagjaan anjeun.

²⁷ Mun sasambat ku Mantenna tangtu diwaler, sarta anjeun baris nekanan panadaran.

²⁸ Sagala usaha baris ngajadi, jalan hirup ngabulungbung, caang sagala-galana.

²⁹ Jalma anu rendah hate, tangtu diraksa ku Allah, sabalikna ari adigung mah baris digejretkeun.

³⁰ Lamun hirup anjeun lempeng sarta satemenna, sarta bener dina sagala tingkah laku, tangtu ku Mantenna dirahayukeun."

23 ¹(23: 1-2) Ayub: "Kuring tetep teu tarima, tetep tugenah ku Mantenna. Kumaha teu rek ngarasula?

²(23: 1)

³Atoh temen mun bisa manggihan Mantenna, ngan teu nyaho kudu ka mana neangna.

⁴Mun geus aya di payuneuna-Na mah, sagala hal kuring nu jadi kapanasaran, tangtu diunjukkeun, ditembrakkeun.

⁵Hayang nyaho rek ngadawuh kumaha, rek kumaha ngawaler-Na.

⁶Naha baris ngabantah tur nganggo sagala kakawasaana-Na? Sageuy! Sageuy Mantenna teu kersaeun nimbang.

⁷Balaka bae kuring mah arek silih tempas jeung Mantenna. Sageuy teu diangken, yen kuring teh ti bareto nepi ka ayeuna henteu salah naon-naon.

⁸Hanjakal, Mantenna diteang ka wetan teu nyampak, didongdon ka kulon kosong.

⁹Diteang ka kaler henteu kawenehan, tuluy disusul ka kidul, suwung, di dinya ge teu katingal.

¹⁰Parandene kitu, unggal kuring ngalengkah ge kadangueun, jadi upama kuring diuji teh tangtu kauninga lampah kuring teh beresih,

¹¹Iantaran tigin nuturkeun tapak lacak-Na, tara nyimpang-nyimpang,

¹²salawasna nurut kana timbalana-Na, taat kana pangersa-Na, tara mawa karep sorangan.

¹³Mantenna tara owah gingsir, moal aya nu bisa ngarobah pamadegana-Na, moal aya nu bisa mapalangan kana sagala kersa-Na.

¹⁴Mantenna kagungan rarancang kacida lobana, aya sarupa anu rek dilarapkeun ka diri kuring, tur pasti ku Mantenna dilaksanakeun,

¹⁵nepi ka kuring sumeblak aya di payuneuna-Na, bawaning ku seber kabina-bina.

¹⁶(23: 16-17) Wawanen kuring nepi ka beak dipupul ku Nu Maha Kawasa. Nya ku

Mantenna kuring ngarasa gimir teh, lain ku poek anu geus ngalolongkeun paningal kuring.

¹⁷ (23:16)

24 ¹Ku naon Allah teu ngayakeun waktu keur ngahakiman, hiji poe kaadilan keur sakur nu ngawula ka Mantenna?

²Jalma-jalma nyorok wates lahan batur, ngarah Lahanna tambah lega, malingan domba dicampurkeun jeung anuna.

³Ka kalde-kalde para pahatu teu dikarikeun, kitu keneh sapi milik para randa nu teu bisa mayar hutang.

⁴Hak-hakna kaum miskin ditararahan, nu kokoro dibuburak.

⁵Atuh nu mariskin teh lir kalde alas, nareangan dahareun ka leuweung nu kagaringan di mana-mana geus teu manggih dahareun keur anak-anakna.

⁶Jadi kapaksa kudu ngala ti lahan lain bogana ngumpulkeun anggur nu aya di kebon-kebon jalma jarahat tea.

⁷Ari peuting hareesna di nu ngalillag, tingporongkol teu dibaju, teu disimbut,

⁸Iamun hujan di pagunungan, mani kuyumus, marucicid tingsalindung tukangeun batu.

⁹Barudak anu geus teu baroga bapa, dibadegakeun, disina kerja paksa, nu teu bisa mayar hutang, anakna dirampus,

¹⁰nu balangsak diurak, tur teu baju-baju
acan. Batur panen, kaum miskin mah
ngongkrong.

¹¹Rajeun ge digarawekeun, upamana meres
minyak jeung anggur geusan inumeun, tetep
bae tikorona mah gararing.

¹²Di lembur patingharegung, nu taratu nu
sakarat, tapi kawas henteu didangu ku Allah.

¹³Aya deuih, jalma-jalma nu ngamusuh
ka nu caang-caang, di nu caang teh kalah
ka samar polah, nu matak caang teh
disalingkiran.

¹⁴Nu arek ngarogahala, arek maehan si
miskin, inditna teh poek keneh memeh caang.
Nu ngarampog, biasana peuting-peuting.

¹⁵Nu rek lacur, inditna bada sareupna, bari
palungas-palengos sieun kawawuhan.

¹⁶Nu ngabangsat, nu ngagangsir, salawasna
sok ti peuting, ti beurang mah ngadedempes
nyumputan caang.

¹⁷Jadi ku nu karitu mah caang teh
dipikasieun. Sabalikna, ka nu poek-poek mah
resep, da pangrasana aman taya bahaya."

¹⁸Sopar: "Jalma jahat bakal katarajang
caah, lahan bogana disapa ku Allah moal
bisaeun deui manehna melakan kebon
anggurna.

¹⁹Lir salju musna ku panas jeung katiga nya
kitu jelema nu boga dosa musna ti dunya
enggon nu hirup.

²⁰Ku indungna sorangan ge geus teu dipikainget, jasadna geus dihakanan ku bilatung geus binasa lir tangkal anu geus rubuh.

²¹Kitu bagian si euweuh rasrasan. Si tukang ngisat randa-randa, si tara nyaah ka nu garabug.

²²Allah teh maha digjaya. Lamun Mantenna geus meta, si kumawasa dibinasa, si jahat dicabut nyawa.

²³Najan disabaran bae oge, tur diantep sina rareugreug naranjung, tetep ku Allah diincer.

²⁴Sanggeus diingkeun sakeudeung, sanggeus hasil panejana, kulapes layu ngadadak, lir daun anu ngararas, lempes lir ranggeuyan pare dipetik tina gagangna.

²⁵Pek, saha nu bisa ngabantah, nu rek nyebut lain kitu? Bisa ngabuktikeun, lamun eta henteu bener?"

25¹(25: 1-2) Bildad: "Allah kawasa liwat saking, kabeh manusa kudu gimir ku Mantenna. Karajaana-Na di sawarga ku Mantenna disantosakeun.

²(25: 1)

³Aya anu bisa ngitung lobana malaikat anu ngawulaan Mantenna? Aya tempat anu teu kasorot ku cahaya Allah?

⁴Bisa manusa teh suci jeung murni dina paningal Mantenna?

⁵Cacakan bulan, ku Mantenna mah dianggap teu caang. Bentang-bentang oge dianggapna teu mencrang.

⁶Komo manusa, si cacing, si insekta! Naon sih ajen manusa di payuneun Allah?"

26 ¹(26: 1-2) Ayub: "Euleuh, mani capetang kitu eta anjeun, ngabela kuring anu nya lemah nya nandang lara!"

²(26: 1)

³Mani pertengtang mere bongbolongan ka jelema pantar kuring anu sakieu bodona!

⁴Cik, ka saha maksudna eta kasauran teh, ti saha meunang ilhamna."

⁵Bildad: "Arwah-arwah jelema nu geus maraot tingdaregdeg cai sapangeusina galumeter.

⁶Tempat pangancikan nu maraot nonggerak payuneun Allah, turub-turubna teu bisa ngalingan paningali-Na.

⁷Allah ngadingdingkeun langit di tungtung kaler, ngagantungkeun bumi di awang-awang nu suwung.

⁸Mantenna minuhan mendung ku cai, tur mendungna teu datang ka bedah.

⁹Bulan purnama direueukan ku mega.

¹⁰Caang dipisahkeun ti nu poek, wawatesanana ngagulimeng tepung gelang luhureun sagara.

¹¹Lamun tihang-tihang langit diinggeung-inggeung, seug eta teh genjlong, gumeter bawaning ketir.

¹²Ku pangawasa Mantenna laut datang ka tagiwur. Rahab si naga laut ge kasoran, tiwas ku kawijaksanaan Mantenna.

¹³Ku napas Mantenna bray langit lenglang, panangana-Na newak naga laut nu keur kabur, bek dipaehan.

¹⁴Eta anu sakitu poharana teh, kakara mangrupa kila-kilana bae tina kakawasaan Mantenna, minangka harewos-harewos-Na anu katepi ku ceuli urang. Geus komo teuing kaagungan Mantenna sagemblengna, pamohalan bisa kajugjungan."

27 ¹(27:1-2) Ayub: "Kuring sumpah demi jumenenging Allah Nu Maha Kawasa, anu teu adil ka kuring, anu nganalangsakeun hate kuring,

²(27:1)

³yen: Sapanjang Allah maparin keneh ambekan,

⁴paliyas ieu biwir ngucap goreng, ieu letah moal dibikeun ngabohong.

⁵Kana pamadegan aranjeun ge pamohalan ngabenerkeun, sarta nepi ka paeh ge keukeuh kuring teu rumasa boga salah.

⁶Seja kukuh dina cecekelan yen kuring bener, moal robah pipikiran yen yakin kitu.

⁷Mugia teuing anu ngabararantah ngalawan kuring sing nandangan hukumanana, tong dibedakeun ti nu jahat, ti nu garoreng lampahna.

⁸Lamun nyawana ku Allah geus dicararabut, cik eta anu marunapek teh rek kumaha!

⁹Dina waktu maranehna katarajang papait, naha panyambatna bakal didangu ku Allah?

¹⁰Keun sina galandrung hararayang meunang kabagjaan ti Allah, sina sasambat ka Mantenna teu eureun-eureun.

¹¹Sugan aranjeun teh kudu dipapatahan ku kuring, diwuruk hal agungna kawasaning Allah, sangkan nyaraho kumaha rarancang Mantenna Nu Maha Kawasa,

¹²sanajan eta teh kateuteu-ari, da ku aranjeun ge geus karasa. Na ku naon atuh anggur ngocoblak taya hartina?"

¹³Sopar: "Kieu hukuman ti Anu Maha Kawasa ka nu doraka tur lalim:

¹⁴Pek sing laloba anak, tapi anak-anakna kabeh baris paraeh ku perang, incu-incuna karurang dahar.

¹⁵Nu barisa keneh hirup baris hus hos ditekukan ku panyakit, ku randana ge moal ieuh diceungceurikan.

¹⁶Pek baroga perak mangpeti-peti, papakean sababaraha lamari,

¹⁷tapi perakna kapimilikna mah ku nu jalujur, papakeanana dipakena mah ku jalma-jalma anu balageur.

¹⁸Imahna nangtungna moal lila-lila, cara ramat lancah, atawa sasaungan tukang tunggu kebon.

¹⁹ Basa reup mondok mah beunghar,
tapi panungtungan, da barang nyaring,
kasugihanana geus euweuh.

²⁰ Jol balahi narajang, lir caah ngadadak,
wanci peuting dirina kapangpengkeun ku
angin ribut,

²¹ kabawa kabur ti imahna ku angin ti wetan.

²² Sabot roroesan hayang salamet, gebut ku
angin dibeubeutkeun taya kawatir.

²³ Barang keur lumpat, hiuk katebak deui
ku angin, ngagelebug matak sieun, matak
binasa."

28 ¹Aya tempat pangalian perak, aya
tempat paranti ngabesot emas.

² Beusi dikali ti jero bumi, babatuan dilebur
diala tambagana.

³ Tempat poek pangpoekna ku manusa
dipariksa, jajantung bumi dikotek tak ditaliti,
cadas-cadas di nu ngajumbleng ditalugaran.

⁴ Jauh ti tempat mahluk kumelip, di nu can
kungsi pisan katincak, manusa nyieun guha
pangalian, digarawe di dinya mencilkeun
maneh, guwang-gawing dina tambang, dina
sumur pangalian.

⁵ Bumi di luar ngabijilkeun bangsa dahareun,
di jerona dikorowek burak-barik.

⁶ Babatuanana aya batu nilemna, keusikna
aya anu ngandung emas.

⁷ Jajalaneun dina eta pangalian, dalah ku
heulang tara kalanglang, ku gagak tara
kateang,

⁸malah maung atawa sato galak nu lianna,
taya hiji anu lumanto ka dinya.

⁹Cadas sakumaha teuasna ditugar,
gunung-gunung dikali didungkar,

¹⁰ditembus ku torowongan, breh kapanggih
babatuan anu marulya.

¹¹Sirah-sirah walungan oge dikali, eusi nu
asalna buni diangkat ka anu negla.

¹²Tapi cik, di mana ayana ari sumber
kapinteran? Ka mana kudu nyukcrukna
sangkan kaulik?

¹³Kapinteran mo kapanggih ti manusa, mo
kaulik aci-acining pangajina.

¹⁴Ceuk dasar sagara, eta mah euweuh di
kami, ceuk dasar lautan, eta mah taya di
kami.

¹⁵Hamo kabeuli ku emas perak,

¹⁶hamo kabayar ku emas kolot reujeung
permata,

¹⁷najan emas golondongan atawa emas
perhiasan, kitu deui kaca batu pangalusna,
mo bisa dipake nukeuran.

¹⁸Kapinteran leuwih mahal batan mutiara, ti
batan kristal atawa mirah dalima,

¹⁹teu kaimbang ku ratna campaka, teu
kaudag ku emas pangkolotna.

²⁰Di mana sumberna ari kapinteran? Ka
mana kudu nyukcrukna sangkan kaulik?

²¹Gaib, kaalingan tina panon sugri nu
kumelip, dalah ku manuk tukang haliber teu
bisa tempong.

²²Jungkrang pati jeung maot ge, kana kapinteran ukur ngadenge bejana.

²³Ngan Allah nyalira nu ngahartos kana jalanna, nu uninga kana tempatna.

²⁴Kawantu Mantenna mah awas ka saampar jagat, tingali ka sakolong langit.

²⁵Mangsa Mantenna mere tanaga ka angin, bari matok legana lautan,

²⁶mangsa nangtoskeun iraha mangsana hujan, bari nangtoskeun pijalaneun kilat guludug,

²⁷eta kapinteran teh ku Mantenna ditilik, seug diuji kamampuhanana, ti dinya disahkeun jeung dipetakeun.

²⁸Pok Mantenna ngadawuh ka manusa, "Hayang pinter kudu ajrih ka PANGERAN, hayang boga pangarti, sing jauh ti kagorengan."

29¹Ayub sasauran deui,

²"Kahayang mah hirup teh cara bihara-bihari, waktu eukeur diraksa keneh ku Allah,

³basa ku Mantenna tara kendat disareangan, nepi ka kuring tara poekeun, caang ku cahya Mantenna.

⁴Harita mah kuring teh jelema mukti, kawantu dalit jeung Allah, rumah tangga ditangtayungan.

⁵Jeung Allah Nu Maha Kawasa teu pisah-pisah, jeung anak riung mungpulung.

⁶Tara towong nginum susu, loba sapi loba embe, di kebon di tanah cadas tangkal jetun tingarulang.

⁷Ana sesepuh kota gempungan, kuring ge milu nungkulan.

⁸Lamun lar kuring ngaliwat, nu ngarora nyararisi mere jalan, nu sarepuh ararajeg ngahalormat.

⁹Lamun kuring enggeus datang, pamingpin-pamingpin nu keur cacarios ge liren heula nyariosna,

¹⁰dalah jalma pangpendingna ari datang kuring mah jep jempe.

¹¹Ku nu nyaraho sorangan atawa ku nu sakadar ngadenge, salampah-lampah kuring dipuji, jadi senen kalemekan.

¹²Lamun aya nu miskin ngalengis, gancang ku kuring ditulung. Nu pahatu, nu teu boga pamatuhan geuwat disambat.

¹³Jalma-jalma anu dijait ku kuring, kacida tumarimana, kitu deui randa-randa, ku kuring disarenangkeun.

¹⁴Dina sagala hal kuring teh lempeng jeung jujur.

¹⁵Keur nu lolong jadi minangka panonna, keur nu gempor jadi minangka sukuna,

¹⁶keur nu malarat jadi minangka bapana. Semah anu eukeur susah ku kuring dibela.

¹⁷Pangagung lalim ku kuring diwarah, nu jadi korbanna dijait disina leupas.

¹⁸ Nu diharep salawasna hayang nanjung panjang umur, mun paeh hayang di imah ngarah utama sugema.

¹⁹ Harita kuring teh ibarat tangkal, nu akarna juuh ku cai, dahan-dahan jeung daunna cipruk ku ciibun.

²⁰ Ku jelema diparuji, pakarepan tara gagal.

²¹ Lamun kuring mere luang, jalma-jalma mani jempe, saregep ngabarandungan.

²² Lamun ngomong enggeus anggeus euweuh nu wani nyambungan, tiap ucapan keunana nyerep, lir cihujan rembes ka jero taneuh.

²³ Nu ngadarengekeunana bangun pohara resepeunana, lir patani narimakeun hujan.

²⁴ Samangsa maranehna pegat pangharepan, ku kuring sok diimutan, timbul deui wawanenna mun kuring nembongkeun budi marahmay.

²⁵ Urusanana geuwat ku kuring ditangkes tuluy diputus, jelemana dipetakeun, lir balad keur ditata ku rajana. Jalma anu pegat pangharepan dililipur nepi ka teger.

30¹ Na ari ayeuna, ku nu leuwih ngarora ge diseungseurikeun. Bet inget ka kolot-kolotna, kabeh jalma tanpa guna. Leuheung keneh anjing kuring, aya-aya gawena purah ngajaga domba.

² Naon maranehna mah, jelema ge ruruntukna, diarah tanagana bororaah, kacida halengkerna.

³Ku miskin-miskinna, ku lapar-laparna,
akar-akar garing ge disaregetan, ti peuting,
di tengah tegal gundil,

⁴nyarabutan tutuwuhan tegal, diharakan ka
akar-akar tangkal nu euweuh rasana.

⁵Ku itu ku ieu dibuburak, dieuah-euah
kawas ka bangsat.

⁶Hareesna di nu nyangkeredong-
nyangkeredong, atawa ngalaliang dina
lamping karang,

⁷tingsalegor kawas sato bae badis, bacacar
di handapeun rurungkunan.

⁸Manusa piceuneun wungkul, teu paruguh
indung bapana, dibuburak ti jero lembur.

⁹Eta nu karitu patut, ayeuna mah ka kuring
nyeungseurikeun mani nganggap bodor.

¹⁰Bangun kacida sarebeleunana. Tapi ceuk
pangrasana mah sakitu teh bageur teuing, da
nepi ka nyariduhan kana beungeut.

¹¹Meureun meungpeung kuring ku Allah
dikieu-kieu, nya geus teu walakaya, nya geus
beak araheunana, maranehna sakama-kama
mupuas ka kuring.

¹²Seug eta gorombolan teh narajang,
ngabeberik teu eureun-eureun,

¹³maregatan arek mergasa, taya nu
ngahalang-halang.

¹⁴Maranehna ambreg kana lombang
pertahanan kuring, ditenjragan nepi ka
runtuh.

¹⁵Cindekna kuring teh eleh, sieunna kabina-bina, beak wawanen kapupul bayu. Asal mukti geus burindil, lir mega kasapu angin.

¹⁶Ayeuna mah kari nunggu-nunggu ajal taya harepan kana menyat deui.

¹⁷Ari peuting karasa satulang-tulang nyarereri, mani asa dikerikan teu eureun-eureun.

¹⁸Sabot kitu, beuheung baju ku Allah ditongtak, tuluy dipuril-puril,

¹⁹terus kuring dibalangkeun ka nu jeblog, taya bedana ti miceun runtah.

²⁰Ka Allah abdi ngagero, nanging teu diwaro. Ka Gusti abdi jumerit, nanging teu ditolih.

²¹Gusti bengis liwat saking, nyiksa pupuasan.

²²Ku Gusti diapung-apung, atuh kabantun ku angin, dibuntang-banting ku topan.

²³Teu sak deui, tangtos bade dicabut nya umur, bade ditotogkeun ka kubur, pangbalikan sararea.

²⁴Na ku naon dugi ka nyiksa ka nu parantos teu walakaya, anu parantos teu tiasa naon-naon, kajabi ti neda dipikarunya.

²⁵Padahal abdi kapungkur, ka nu prihatin sok ngiring sedih, ka nu tunggara ngiring sungkawa.

²⁶Nu diteda, bagja katut jamugana, nu katampi, papait sareng balai.

²⁷ Awak bejad, dijejewet ku karisi jeung kanyeri, nu kapeleng mung wungkul pisangsaraeun.

²⁸ Titingalan parantos paroek, gegerungan menta tulung, sasambat ka nu araya, nanging lapur taya anu ngalilipur.

²⁹ Sora abdi matak ngarakacak hate kawas sora babaungna ajag atawa jeritna manuk onta di tempat sepi tur suwung.

³⁰ Kulit jadi hideung, awak nyongkab muriang.

³¹ Kapungkur mah sok nguping lalaguan nu gumbira ayeuna mung bati lumengis midangdam.

31 ¹Kuring geus sumpah, jangji moal pelang-pelong ka mojang dari dilamun.

²Naon nu baris dipidamel ku Allah Nu Maha Kawasa? Baris kumaha ngabalesna kana kalakuan manusia?

³Sial jeung cilaka pasti ku Mantenna didatangkeun ka anu migawe dosa.

⁴Allah pasti uningaeun sagala kalakuan kuring, pasti ningalieun salengkah-lengkah kuring.

⁵Sumbah, kuring can kungsi boga lampah goreng, tara pangangguran tupa-tipu.

⁶Upama seug ku Allah ditimbang sing bener, moal teu kauninga yen kuring putih beresih.

⁷Lamun mengpar ti jalan nu bener, atawa ulad-elod kana kagorengan, lamun ieu leungeun lamokot ku masiat,

⁸daek tumpur pibuateun, atawa kop bahan pangan kuring beakkeun ku deungeun-deungeun.

⁹Lamun kuring mikabogoh pamajikan batur, jejengkean taang-toong di tukangeun pantona,

¹⁰pamajikan kuring mangka mangejokeun lalaki sejen, mangka hees jeung lalaki sejen.

¹¹Lamun enya kuring boga kalakuan nista sarupa kitu dihukum pati ge kajeun.

¹²Kalakuan kitu sasat seuneu ngagegedur, seuneu naraka, nu baris malindes ngabasmi naon bae nu aya di kuring.

¹³Mun badega gegelendeng ka kuring, teu burung didenge, ditimbang kumaha layakna.

¹⁴Sabab lamun henteu kitu, na werat kuring ngadeuheus ka Allah? Kumaha nya pijawabeun lamun ku Mantenna dipariksa?

¹⁵Lantaran boh kuring boh badega, tunggal dadamelan Allah.

¹⁶Lebah kuring, ka nu miskin tara teu nolih, ka randa-randa anu sangsara tara teu mirosea,

¹⁷tara ngantep pahatu anu teu nyatu, paliyas makmak-mekmek sosoranganan.

¹⁸Saumur-umur, tuman nulungan nu kararitu.

¹⁹Lamun nenjo nu walurat henteu boga baju-baju acan,

²⁰sok bae ku kuring mah dibere kaen wol, beunang nyieun tina bulu domba nu

sorangan. Atuh mani bebeakan muji-mujina ka kuring.

²¹ Lamun kuring kungsi nипу ka nu pahatu, pedah ujub dibawa ka pangadilan ge moal teu meunang,

²² masing pingges ieu leungeun duanana, sing nepi ka sarengkleh ngaraplek.

²³ Paliyas boga kalakuan kitu, sieun disiksa ku Allah.

²⁴ Kabeungharan teu dijieun pananggeuhan,

²⁵ kamuktian teu dipake kaagulan.

²⁶ Tara muja ka cahya surya, tara munjung ka bulan purnama.

²⁷ Tara pirajeunan muja ka anu karitu ku cara nyium leungeun sorangan ciri yen muja ka nu karitu.

²⁸ Dosa nu sarupa kitu, manjing kana hukum pati, sabab mungkir ti Nu Maha Kawasa.

²⁹ Mun musuh nandang pakewuh, atawa kagirijig ku balai, haram lamun kuring bungah, paliyas kuring mpuas.

³⁰ Komo nepi ka ngamuga-muga sing paeh mah, paralun, dosa, kikituan teh, dosa!

³¹ Ka jalma anyar pinanggih tara asa-asa ngaku, gandek-gandek kabeh oge nyarahoeun, tabeat kuring teh kitu.

³² Nu keur nyaba kaburitan lebah imah kuring, geuwat disambat, disimpangkeun, da teu tega ngantep nepi ka hees di emper batur.

³³ Batur mah ari boga dosa teh disidem, kuring mah anggur balaka,

³⁴rek pada ngomongkeun kitu ngomongkeun kieu, mangga teh teuing da rumasa, tinimbang bungkem atawa ngaringkeb maneh, dumeh sieun diera-era.

³⁵Naha moal aya nu percaya ka ieu omongan kuring? Wani sumpah, kabeh ge eta teh enya, Allah Nu Maha Kawasa saksina. Lamun eta panuding-panuding lawan ka kuring ditulis, nepi ka katenjo ku panon kuring,

³⁶rek disampaykeun dina taktak reujeung agul, malah rek diterapkeun dina sirah lir makuta.

³⁷Eta sagala kalakuan kuring teh arek diunjukkeun ka Allah, tur ngunjukkeunana ge tangtu tatag sarta ludeung.

³⁸Lamun aya lahan kuring nu beunang ngagasab, beunang papaksa ti nu bogana anu sah,

³⁹atawa ngala ngadahar beunang batur melak, ari nu melakna kalaparan,

⁴⁰sing tibalik, mun jagong sing jadi jarong, mun pare sing jadi eurih." Sakitu pokpokan Ayub.

32¹Anu tiluan balem bae teu kersaeun ngawaler, lantaran Ayub ngaraos kacida yakinna yen anjeunna bener.

²Tapi kasauran aranjeunna teh aya anu ngabandungan di dinya, nya eta Elihu putra Barakel, urang Bus ti kaom Ram. Anjeunna panas manahna ka Ayub anu neugtreug tur sakitu suabanana ka Allah.

³Ka sobat-sobat Ayub anu tiluan oge jengkeleun pisan dumeh beunang kapeupeuh ku Ayub, siga pisan dina eta perkara teh memang Allah anu lepat.

⁴Tadi, ku sabab rumaos panganomna, nyabar-nyabar anjeun bae, ngadago seepna kasauran anu geus sarepuh.

⁵Barang anu tiluan tea teu ariasaeun ngawaler, Elihu teu tahan deui,

⁶pok bae misaur, "Sim kuring rumasa ngora keneh, paralun kumawantun ka nu geus sarepuh, teu wantun milu ngedalkeun kereteg hate.

⁷Ceuk emutan, keun Bapa-bapa bae anu cacarios, kawantu sepuh-sepuh mah tangtos luhung panemuna.

⁸Nanging sanaos kitu, luhung teh kapan ku kersaning Roh Allah Nu Maha Kawasa.

⁹Jalmi jadina pinter atanapi terang kana bebeneran teh sanes ku dumeh kakolotanana.

¹⁰Ku kituna darangukeun, sim kuring seja mihatur.

¹¹Waktos Bapa-bapa sasauran, sim kuring anteng ngabandungan, seja mulungan pituah-pituahna anu marunel.

¹²Dibandungan ti awitna, Bapa-bapa sidik gagal, kawon ku ucapan-ucapan Ayub.

¹³Atuh naon tawisna, majar Bapa-bapa parantos seueur elmu panemu teh? Ku sabab Bapa-bapa parantos kawon, tangtos mung Allah nu iasa ngawaler ka Ayub.

¹⁴ Memang Ayub sasauranana teh ka Bapa-bapa, lain ka sim kuring. Sim kuring seja mangjawabkeun, tapi moal nganggo jalan mamanahan Bapa-bapa.

¹⁵ Ayub! Aranjeunna parantos kawon, teu ariasaen deui ngawalon.

¹⁶ Ningal nu parantos bungkem, naha pantes sim kuring cicing-cicing bae? Aranjeunna kalah ka tingharuleng, seepeun pisaureun.

¹⁷ Kari sim kuring anu kedah nyarita, kedah ngajawab, ngedalkeun kereteg hate.

¹⁸ Sim kuring geus meh teu kuat, hayang buru-buru kedal, piomongeun parantos teu bisa dipondah.

¹⁹ Lamun nepi ka teu bisa dikedalkeun, tangtu mudal bedah sorangan, lir kirbat anu pinuh ku anggur anyar.

²⁰ Teu tahan, kudu dibudalkeun.

²¹ Tapi teu pisan-pisan rek mihak, moal ngugung ka itu, moal ngugung ka ieu.

²² Ongkoh teu tiasa ngugung-ngugung teh, malah mun nepi ka ngugung-ngugung, muga ulah jamuga ti Allah.

33 ¹ Salajengna dangukeun ieu pihatur,
² sim kuring sumeja ngedalkeun eusi pikiran,

³ anu medal tina ati sanubari, sanes bohong akon-akon.

⁴ Roh Allah geus nyiptakeun kuring sarta maparin hirup ka kuring.

⁵Bisi bade ngawaler, ari iasa mah mangga,
geura sayagi panakisna.

⁶Diri sim kuring sareng salira Pa Ayub, estu
sami menggah di payuneun Allah, sami-sami
sipat taneuh sareng lebu.

⁷Jadi Pa Ayub teu kedah risi-risi, da sim
kuring mah teu gaduh niat ngelehkeun.

⁸Saur Pa Ayub tadi anu kakuping ku abdi:

⁹Kuring teu boga salah. Teu boga
kaluluputan, taya dosa naon-naon.

¹⁰Tapi Allah teu kurang-kurang alesan keur
nyilikakeun kuring, kuring teh dianggap
musuh,

¹¹suku diterapan rante, saincak saparipolah
mani haben diawaskeun.

¹²Ceuk sim kuring mah, Pa Ayub, eta teh
lepat! Allah mah agungna ngungkulan umat
manusa.

¹³Naha Pa Ayub nuding ka Allah, magar tara
malire kana udah-aduhna manusa?

¹⁴Allah teh ngandikana ku rupi-rupi jalan,
ngan urangna tara daek nolih kana sagala
dawuhana-Na.

¹⁵Ari ngandika-Na, sakapeung dina impian
atawa tetenjoan, sajeroning urang mondok.

¹⁶Pangersa-Na sangkan dawuhana-Na
teh digugu, sangkan urang sieun kana
panggeuing Mantenna,

¹⁷sangkan eureun tina migawe dosa, jeung
sangkan ulah ieu aing.

¹⁸Allah mah tara kagungan niat nyilakakeun jalma, malah jalma teh diaping tina ancaman malakalmaot.

¹⁹Osok soteh meperih, maparin pepeling, jalma dipaparin gering, dipaparin kanyeri nu teu puguh rasakeuneunana.

²⁰Keur gering mah tara hayang dahar-dahar acan, kajeun kana pangabeuki weleh henteu hayang bae.

²¹Awak jadi ngajangjawing, tinggal tulang tingtorelak,

²²bari nunggu-nunggu dawuh geusan iang ka alam kubur.

²³Tapi boa teuing aya malaikat Allah ti anu mangrebu-rebu, anu ngelingan ka eta nu gering sangkan inget kana kawajibana,

²⁴seug misaur bari pinuh ku kawelas, Mugi eta jalmi dicageurkeun deui, ulah waka sina asup kana jero kubur, tah ieu kangge panebusna.

²⁵Seug nu gering teh neutneutan menyat, tanagana pulih deui, bedas deui cara keur ngora.

²⁶Panedana ku Allah didangu, hatena bungah bisa deui muji ka Allah sagala lampahna ku Allah diloyogkeun ka nu bener.

²⁷Seug balaka ka balarea, Kuring teh jalma doraka, sagala kalakuan taya nu bener, tapi ku Allah teu weleh ditulung, dicageurkeun.

²⁸Ku sih piwelas-Na kuring teu tulus asup ka kubur, bisa keneh gumelar di alam dunya.

²⁹ Kitu mungguing Allah mah, nulung deui, nulung deui.

³⁰ Jalma teh ku Mantenna diraksa hirupna, sina bagja sina jamuga.

³¹ Ayeuna, mugi Pa Ayub kersa ngabandungan deui pihatur sim kuring salajengna.

³² Nanging bilih aya saurkeuneun mah saurkeun bae, atuh ari Pa Ayub nu leres, memang kitu utamina.

³³ Sawangsulna upami henteu, mangga bandungan, sim kuring sumeja mere pepeling, tina hal kabijaksanaan.

34 ¹(34: 1-2) Bapa-bapa anu sugih ku pangarti, jembar kauninga, darangukeun ieu pihatur sim kuring,

²(34: 1)

³sangkan tiasa ditimbang-timbang leres henteuna, sapertos kadaharan, disebut ngeunah henteuna teh saparantos diraosan.

⁴Kasauran-kasauran Pa Ayub teh urang puguhkeun leres henteuna.

⁵Anjeunna keukeuh ngaraos teu kagungan kalepatan, nanging ku Allah teu dipaparin kaadilan.

⁶Saurna ge, Na kuring kudu pura-pura ngaku salah sanajan henteu? Diri jadi ruksak kieu, padahal teu boga dosa.

⁷Saha deui jalmi nu sapertos Pa Ayub, teu aya semu-semuna ngajenan ka Allah?

⁸Bet teu benten ti anu jarahat, sapamolah sami sareng anu masiat.

⁹Nepi ka wantun nyebatkeun, magar taya pisan gunana jelema anut ka Allah teh.

¹⁰Bapa-bapa nu palinter, dangukeun ieu sim kuring Allah Nu Maha Kawasa pamohalan kaliru.

¹¹Jalma diganjar satimpal reujeung gawena, dibalesna numutkeun kumaha lampahna.

¹²Allah Nu Maha Kawasa tara midamel kaawonan, ka sasaha ge tara teu midamel nu satemenna.

¹³Naha Mantenna kengingna kawasa teh ti jelema? Naha Mantenna nyangking jagat teh dijenengkeun ku manusa?

¹⁴Mun Mantenna nyabut deui napas kahirupan,

¹⁵sugri nu kumelip pinasti lastari, mulang kana taneuh asalna.

¹⁶Upami Bapa-bapa bijaksana, dangukeun ieu pihatur sim kuring.

¹⁷Naha leres Allah teh ceuceub kana kaadilan? Naha Bapa-bapa bade ngalepatkeun ka Allah Nu Maha Adil?

¹⁸Allah ngahukum raja-raja sareng nu nyarepeng kawasa, lamun aranjeunna tanpa guna atanapi jarahat.

¹⁹Mantenna moal mihak ka nu nyarepeng kawasa, moal leuwih meningkeun nu beunghar ti batan nu miskin, da sadayana oge sami ciptaan Mantenna.

²⁰ Mun jalma geus dikersakeun, rek janari tengah peuting sakedet netra hos maot. Ana enggeus dikersakeun, jalma ngelepek harita keneh. Nyabut nyawa pangagung oge Allah mah gampileun bae.

²¹ Salengkah-lengkah manusa ku Mantenna dititenan.

²² Dosa jalma kajeun di nu poek mongkleng, ku Allah mah katingali nonggerak.

²³ Mun Mantenna rek ngahukum, tara mikabutuh waktu.

²⁴ Mun Mantenna rek ngarorod pangagung sangkan diganti ku nu sejen, Mantenna mah henteu perlu papariksa deui,

²⁵ sabab sagala-galana ku Mantenna geus kauninga. Rek janari tengah peuting, ku Mantenna tangtu ragrag tangtu remuk.

²⁶ Sing saha nu jahat tangtu dihukum, kasaksi ku balarea,

²⁷ buruh tina wangkelangna ngabaha ka Mantenna, ngamomorekeun timbalana-Na.

²⁸ Panyambat jalma malarat nu jumerit ka Mantenna, lantaran disangsara ku nu jarahat, tangtu didangu.

²⁹ Mun Mantenna ngersakeun nganggur, moal aya nu bisa ngageureuh-geureuh. Mun Mantenna nyumputan, jalma mo bisa manggihan.

³⁰ Bangsa-bangsa mo bisa kumamaha sangkan leupas tina panggencet bangsa nu teu percaya ka Allah.

³¹ Pa Ayub, kumaha kersa ngangken dosa ka Allah, kersa jangji moal kitu-kitu deui?

³² Kumaha parantos nyuhunkeun sangkan ku Allah dituduhkeun naon nya kalepatan? Kumaha parantos kapok moal midamel deui kaluluputan?

³³ Rupina kahoyong Bapa mah Allah teh kedah tumut kumaha Bapa, pangna teu satuju kana pangersa-Na teh, sanes? Perkawis eta kumaha Bapa, da sanes urusan sim kuring. Cobi sebatkeun, kumaha mamanahan teh?

³⁴ Ku emutan, sugri anu ngaruping ieu pihatur, menggah nu sehat pikiran tur berbudi mah tangtos ngahaminan kana pamendak sim kuring,

³⁵ yen kasauran Ayub teh kasauran jalma sasar, sasaur-saurna henteu kalawan dipikir.

³⁶ Upami kasauran-kasauranana tea diemut-emut deui, baris nyata yen taya bedana ti omongan jalma jahat.

³⁷ Dosa-dosana tambah deui saripi, nya eta ngalawan ka Allah di hareupeun urang anjeunna moyok ka Allah.

35¹ (35: 1-2) Ngarasa bener di payuneun Allah teh lepat kabina-bina.

² (35: 1)

³ Ari Bapa dugi ka nyebatkeun, naon gunana kudu suci, naon untungna mun henteu migawe dosa.

⁴Kasauran Bapa, kitu deui kasauran sobat-sobat Bapa, ku sim kuring rek dijawab kieu:

⁵Tingali ka awang-awang, sakumaha luhurna mega?

⁶Upama Bapa-bapa midamel dosa, naon ngarugikeunana ka Allah? Upama Bapa-bapa seueur kaluluputan, naon matakna ka Mantenna?

⁷Sawangsulna upama Bapa-bapa midamel bener, na eta teh tiasa keur ngabantu ka Gusti Allah? Allah teh moal butuheun ku urang.

⁸Lampah urang boh hade boh goreng, untung rugina keuna ka papada manusa keneh.

⁹Jalma upama digencet sok lumengis ka batur hayang ditulung.

¹⁰Ari ka Allah anu ngajadikeunana teu inget-inget, tur Mantenna nu nguatkeun ana maranehna nandang sangsara.

¹¹Teu inget-inget yen Allah geus maparin akal budi ka maranehna, sangkan punjul leuwih ti sato atawa manuk.

¹²Atuh najan gegerungan butuh ku pitulung oge, pamohalan ku Allah ditulung, lantaran nya angkuh nya jahat,

¹³sasambatna taya pedahna, pamohalan ku Anu Maha Kawasa ditolih.

¹⁴Bapa nyaurkeun majar teu ningali Allah. Antos sing sabar, perkara Bapa teh geus aya di Mantenna.

¹⁵Bapa ngira Allah moal ngahukum. Bapa ngira Allah kurang open kana dosa.

¹⁶Taya pedahna Bapa ngocoblak deui ge, da ucap-ucapan Bapa nyirikeun kurang wiwaha."

36 ¹Saur Elihu deui,

²"Sabar heula sakedap, dangukeun deui pihatur sim kuring, kalayan pajenengan Allah.

³Pangarti sim kuring teh mahi, ayeuna rek digunakeun, rek dipake nempongkeun yen Allah anu ngajadikeun sim kuring teh estu bener.

⁴Sim kuring sanes rek ngabobodo. Ieu anu dipayunan teh jalmi cekap bijaksana.

⁵Allah teh maha perkasa! Tapi ka jalma teu mandang rendah. Tur keur Mantenna mah taya hal nu teu kahartos.

⁶Mantenna tara ngantep jalma jahat nanjung. Sabalikna anu sangsara mah dibela.

⁷Anu balener dijaga diraksa, sina sajajar jeung raja-raja, sina mulya salalawasna.

⁸Jelema nu dirante, tur sangsara ku pamolahna,

⁹ku Mantenna dibere terang, yen kituna teh ku karana dosana jeung adigungna.

¹⁰Ti dinya digeuing dipepelinan sangkan babalik pikir.

¹¹Anu narurut sarta ngabakti ka Allah, hirupna mukti santosa.

¹² Sabalikna mun ngabaha eta teh tetela bodo, sabab tangtu cilaka tigebrus ka jero kubur.

¹³ Mungguh nu henteu malire ka Allah, angger bae murka, dihukum ge pamohalan sasambat ka Allah.

¹⁴ Ngora-ngora keneh jiwana geus paeh, ruksak ku laku hirupna nu nista.

¹⁵ Manusa ku Allah sok dipeperih, dipaparin kasukeran, eta maksad-Na ngawulang sangkan areling.

¹⁶ Bapa ge geus tangtu baris dijait, dipaparin deui kabagjaan, hirup mo aya kakurang.

¹⁷ Hukuman anu keur karandapan, eta teh balukarna tina lalampahan.

¹⁸ Atos-atos, najan lara ulah dugi ka sasar ucap, ulah nepi ka ngaco ku beuratna sarat.

¹⁹ Menta tulung nepi ka jejeritan ge, meak-meakkeun tanaga, moal aya tulungna.

²⁰ Peuting tong diarep-arep datang, saat pimusnaeunana bangsa-bangsa.

²¹ Atos-atos, ulah malikan deui dosa. Kapan nu matak Bapa nandangan lara oge, maksad-Na sangkan ulah dugi ka kitu.

²² Sing emut, Allah teh Maha Kawasa, Allah teh Guru Nu Agung, guru urang sarerea.

²³ Moal aya nu bisa nguah-ngieuh ka Mantenna kudu kitu kudu kieu, atawa nyela dadamelana-Na.

²⁴ Sagala damel-Na salawasna layak dimulyakeun. Bapa oge kudu ngamulyakeun.

²⁵ Sagala tapak damel-Na eces ebreh ka sarerea, tapi saurang ge moal aya nu ngaharti.

²⁶ Kaagungana-Na lain jugjug-jugjugeun, kitu deui lawasna Mantenna jumeneng, lain taksir-taksireun.

²⁷ Nya Allah nu nyaabkeun cai tina beungeut bumi, lajeng dikucurkeun deui ngajadi hujan.

²⁸ Hujan ngucur tina mega mendung, jadi rahmat ka sakabeh manusa.

²⁹ Saurang taya terang jalanna mega di awang-awang, kumaha jadina gelap ngabeledag di langit, panglinggihan Allah.

³⁰ Kilat sina patingburinyay di angkasa, ari di dasar sagara anger-anger poek ngajumbleng.

³¹ Kitu Mantenna ngayakeun jalan geusan ngabayuan manusa, keur nyayagikeun dahareunana kalawan taya kakurang.

³² Kilat ditewakan, digenggem, lajeng ditimbalan sangkan nyamber titik tujuan.

³³ Lamun gelap ngabeledag, ciciren topan rek datang, dalah sasatoan oge nyaho yen eta teh tandaning topan rek ngamuk.

37 ¹Ari aya topan teh sim kuring mah nepi ka sok ratug angen.

²Sorana ngagelebug asal tina baham Allah. Darangukeun! Eta teh gentra Mantenna.

³Jorelat kilat meulah langit, ti tungtung jagat ka tungtung jagat.

⁴ Beledag sorana, gelap ngampar handaruan,
eta teh gentraning Allah, bareng jeung kilat
patingburinyay.

⁵ Kalawan timbalan Allah, seug aya nu matak
helok, anu aheng henteu kahontal ku akal.

⁶ Kalawan timbalana-Na, salju murubut kana
taneuh, hujan gede abreg-abregan.

⁷ Pagawean manusa kabeh katunda, ku Allah
dipegat, sabab Mantenna rek mintonkeun
damel-Na anu rongkah.

⁸ Margasatwa maribus kana liang atawa
guhana.

⁹ Ti kidul datang angin topan, ti kaler datang
hawa anu kacida matak tirisna.

¹⁰ Cai karimpel katiup ku hawa napasing
Allah, tuluy padet ngajadi es.

¹¹ Kerelep kilat ngaburinyay ti jero mega,

¹² tingjorelat, jalanna nurutkeun timbalan
Allah, tunduk kana parentah-Na, sarapat-
serepet ka sakuliah jagat.

¹³ Allah nurunkeun hujan ka bumi, bisa
matak bahla, keur hukuman ka manusa, bisa
jadi rahmat, keur nandakeun kurnia-Na.

¹⁴ Lenyepkeun, bandungan, Pa Ayub!
Manahan eta padamelan Allah nu araheng
tea.

¹⁵ Kumaha Bapa uninga petaning Allah
midamel jeung nimbalan kilat sina
ngaburinyay ti jero mega?

¹⁶Kumaha Bapa uninga kaajaiban
anu dipidamel ku Allah, sangkan mega
patingkalayang di awang-awang?

¹⁷Moal, moal uninga. Ukur bisa ngarasa
panasna ngaheab, ana eta mega ngareueukan
bumi lantaran katebak angin ti kidul.

¹⁸Sanggup Bapa mantuan Allah
mentangkeun langit, nepi ka kuatna lir
logam beunang ngecor?

¹⁹Cik sim kuring papatahan, kumaha pokna
ari nyanggem ka Allah! Da pikiran urang teh
kosong molongpong, moal bisa gunem catur
jeung Mantenna.

²⁰Paliyas sim kuring mah nyuhunkeun widi
cumarita ka Mantenna, kuriak salah tuluy
katulah.

²¹Ayeuna cahaya langit keur bengras, kacida
matak serabna kana panon langit lenglang
beresih, mega disapu ku bayu.

²²Breh ebreh di beulah kaler cahaya burahay
lir emas. Saestuna kamulyaan Allah teh
matak ajrih.

²³Sakitu rosana kawasaning Allah, ku urang
hamo kasungsi. Ka manusa sipat wijaksana
tur adil.

²⁴Pantes saban jalma mikagimir ka
Mantenna. Ka nu boga angkeuh pinter
Mantenna teu pisan nganggap."

38¹Ti dinya PANGERAN ngadawuh ka
Ayub ti jero angin ribut, dawuhana-Na:

²"Saha maneh, campelak kana hikmat Kami,
make ucap-ucap anu nya bodo nya kosong?

³Maneh geura cengkat, masing cangker
sakumaha layakna lalaki. Sing sadia
pijawabeun, Kami seja barang tanya:

⁴Geus aya maneh basa Kami ngadegkeun
jagat? Lamun enya nyaho, sebutkeun.

⁵Saha anu nangtukeun legana? Saha anu
narik tali ukuranana? Eta kabeh, nyaho
maneh pijawabeunana?

⁶Kana naon nyeblokna tihang-tihang anu
nanggeuy bumi? Saha nu masangkeun batu
juru alam dunya?

⁷Poe eta wanci subuhna bentang-bentang
ragem ngarawih jeung mahluk-mahluk surga
sarurak bungah.

⁸Saha nu ngabendung lawang-lawang
sagara basa eta ngagurudag gumelar ti jero
kandungan bumi?

⁹Nya Kami. Seug sagara ku Kami disimbutan
ku angkeub mendung, dibedong ku mega nu
reueuk hideung.

¹⁰Tuluy dibere ciri wawatesanana,
dikeureut keur geusan kandeg, lebah tulak
lawang-lawang,

¹¹bari ditimbalan, Geus, semet dieu, ulah
terus! Lebah dieu angkara ombak maneh
kudu eureun.

¹²He Ayub, kungsi maneh dina salila hirup
nitah ka poe sina geura subuh?

¹³ Enggeus maneh nitah ka sang pajar, nitah nyekel tungtung bumi, sina ngirabkeun umat doraka anu nyamuni di nu baruni?

¹⁴ Ari enggeus bray beurang, gunung-gunung jeung jungkrangna narembongan, tingkarendu jiga lawon ngagunduk kawas anu dicapkeun dina taneuh liket.

¹⁵ Cahya beurang keur umat nu jahat mah, pohara matak serabna, geusan nyegah maranehna tina papaksa.

¹⁶ Kungsi maneh nincak kana sirah laut, atawa ngajajah dasar sagara?

¹⁷ Kungsi ka maneh aya nu ngebrehkeun lawang-lawang, anu brasna ka alam kubur?

¹⁸ Boga maneh pangabisa geusan ngukur legana jagat? Jawab, lamun enya nyaho!

¹⁹ Nyaho maneh, ti mana asalna caang?
Naon ari nu jadi sumbering poek?

²⁰ Bisa maneh nuduhkeun ka dinya kudu nepi ka mana majuna, atawa nitah sina baralik deui ka urut inditna?

²¹ Tangtuna moal teu nyaho da geus sakitu kolotna. Maneh teh lain dijurukeun samemeh alam dunya digelarkeun?

²² Kungsi maneh ngalanglangan gudang salju jeung hujan es?

²³ Eta ku Kami dihaja disimpen, geusan dikaluarkeun dina usum werit, dina usum perang jeung usum jurit.

²⁴Kungsi maneh ngadongdon tempat bijilna sang surya, atawa ka pangancikan gelebugna angin ti wetan?

²⁵Saha nu nyieun wahangan keur nadah cihujan? Saha nu naratas pijalaneun kilat jeung guludug?

²⁶Saha nu nurunkeun hujan ka tempat suwung taya jalmaan?

²⁷Saha nu nginuman tanah anu nya keri nya garing, nepi ka jujukutan jararadi?

²⁸Ari hujan atawa ibun bogaeun bapa?

²⁹Saha indungna ari es jeung cai kimpel,

³⁰anu ngalantarankeun cai teuas kawas batu, beungeut sagara jeger kimpel ngajadi es?

³¹Bisa maneh meungkeut Bentang Tujuh jadi saranggeuy, atawa ngudaran panyimpay Bentang Orion?

³²Bisa maneh ngabijilkeun bentang-bentang, luyu jeung usum-usumna, atawa ngangon bentang Biruang nu gede jeung nu leutikna?

³³Nyaho maneh aturan tataning langit? Bisa maneh nerapkeun pangaruhna mega ka bumi?

³⁴Bisa maneh ngageroan mega sarta marentah ka dinya, sangkan nurunkeun hujan geusan nyiram awak maneh?

³⁵Bisa maneh nitah ka kilat sangkan ngerelep, nepi ka kilat teh nyampoyong barina ngomong, Ngiringan sakersa Juragan?

³⁶Saha anu ngabejaan manuk waliwis nepi ka nyahoeun yen Walungan Nil baris banjir? Saha anu ngabejaan cangehgar nepi ka nyahoeun yen bakal hujan?

³⁷Ti antara nu pangpintera, saha nu bisa milang mega mendung, sarta nyolokan sina bocor ngucurkeun hujan,

³⁸sangkan taneuh nu geus ngabata ngajadi ledok?

³⁹Sanggup maneh mangmorokeun mamangsan keur singa, jeung pikeun anak-anakna nu kalaparan,

⁴⁰ana keur kapaksa kudu nararumpi dina dungusna, atawa kudu dararepa dina guhana?

⁴¹Saha nu maraban gagak lapar kumalayang, sarta anak-anakna rarecet patingarenggak ka Kami marenta parab?

39¹Nyaho maneh kana waktuna embe cadas anakan? Enggeus maneh nyaksian uncal jarah ngajuru?

²Bisa maneh ngitung bulanna nepi ka jejeg waktuna anakan?

³Nyaho maneh keur ngaheujeunna, nepi ka borosot anakna bijil ka alam dunya?

⁴Anakna ngagaledean di pileuweungan, geus galede marisahkeun maneh ninggalkeun indungna.

⁵Ku saha diaburna kalde jarah? Ku saha diumbarna sina ngencar bebas lepas?

⁶Minangka kandangna ku Kami disadiaan gurun keusik, sina ngumbar maneh di daerah nu pangset taneuhna.

⁷Hirupna jauh ti kota-kota, ti nu garandeng, moal aya nu bisa ngadalian bari seug digawekeun.

⁸Nyatuanana di sampalan pagunungan, sakarep-karep milihan dangdaunan nu harejo.

⁹Daekeun banteng mun ku maneh digawekeun, atawa ari ti peuting dikandangan?

¹⁰Bisa ku maneh dikaluhan sina narik wuluku, atawa sina ngagusur garu di sawah?

¹¹Bisa maneh make tanaga rongkahna sina nalangan ngagawekeun anu bareurat?

¹²Dina usum panen, na bisa ku maneh sina ngakutan pare, atawa sina ngumpulkeun gabah ti pangirikan?

¹³Manuk onta kikiplikna mah gancang naker, tapi euweuh manuk onta anu cara bango bisa hiber.

¹⁴Ana ngendog, endogna diantep ngagaloler dina taneuh, sina kahaneutan ku ngelekebna hawa tina taneuh.

¹⁵Teu boga pisan kamelang bisi endogna katincak, atawa kaidek ku sasatoan,

¹⁶kawas lain ka endogna bae, mangsa bodo masing usahana percumah oge.

¹⁷Dihaja ku Kami sina sakitu bodona, teu dibere temah wadi.

¹⁸Tapi ana enggeus lumpat, kuda balap
katut jokina ge ku eta diseungseurikeun.

¹⁹Naha beunang maneh, Ayub, nu matak
kuda sakitu gagahna? Naha maneh anu
ngararangkenan beuheungna ku susuri mani
ngerab?

²⁰Na ku maneh pangna eta bisa ngajleng
kawas simeut, jeung ana sesegor matak
sawan?

²¹Cokorna mani kekeduk nyakaran taneuh,
bisa nyemprung muru medan perang,
daweung teuneung ulat gagah.

²²Sepi karisi euweuh kasieun, cadu mundur,
teu rempan ku congo pedang.

²³Pakarang pahlawan nu tarumpakna
tinggalenreng disarada, tinggurilap katojo
sang surya.

²⁴Mun ngadenge teretetna sora tarompet,
bangun geus teu betah cicing, awakna
ngagidir bangun nguntup hayang geura
prung.

²⁵Saban teretet tarompet, seug bebenger,
samemeh der perang campuh, hawana
geus kaambeueun. Ceulina rancung,
resepeun ngadenge sosoakna para panglima
paparentah.

²⁶Ari manuk heulang, na ku maneh
diwarahna hiber, sina meberkeun jangjangna
ana eukeur nyuruwuk ka kidul?

²⁷ Kitu deui rajawali, na kudu ngadenge parentah maneh heula, sangkan nyayangna di gunung anu laluhur?

²⁸ Kapan nyayangna teh dina sela-sela cadas pangluhurna, lebah penglutna anu lancip tur netek.

²⁹ Ti lebah dinya matana gular-giler, ngawas-ngawas neangan mamangsan geusan hakaneun.

³⁰ Ana manggih bangke rob dironom, anak-anakna nyarerotan getih.

40¹ (40: 1-2) Ayub, maneh nangtang ka Allah Nu Maha Kawasa. Bisa maneh ngajawab pananya-pananya Kami, atawa rek taluk?"

² (40: 1)

³ (40: 3-4) Ayub: "Rumaos, nun Gusti, omongan abdi sapertos omongan jelema burung. Kumaha abdi nya kedah ngawangsul? Abdi moal nyanggem nanaon deui,

⁴ (40: 3)

⁵ parantos seueur teuing abdi nyanggem teh."

⁶ PANGERAN ngadawuh deui, ti jero angin ribut.

⁷ PANGERAN: "Geura cengkat masing cangker, sakumaha layakna lalaki. Jawab pertanyaan Kami.

⁸ Maneh teh rek ngabuktikeyen yen Kami teu adil? Rek nyalahkeun Kami, terus ngabenerkeun diri sorangan?

⁹ Maneh teh naha sarua rongkah kawas Kami? Bisa sora maneh ngageleger kawas sora Kami?

¹⁰ Lamun bisa hempek atuh, Kami hayang neuleu daweungna, hayang nenjo dangongna, siga kumaha gandangna, siga kumaha agungna.

¹¹ Pek ka ditu tatandang hareupeun nu galede hulu, coba hinakeun ku maneh, budalkeun amarah ka darinya.

¹² Coba perong sina ngeluk tingpurungkut, terus leyek tah nu jarahat teh,

¹³ nepi ka marubuy kana taneuh, nyalalusruk ka enggon anu paraeh.

¹⁴ Lamun sanggup, pasti ku Kami dipuji, meureun Kami ngaku yen maneh teh pinunjul.

¹⁵ Coba awas-awas kuda Nil, boh eta boh maneh, nya Kami anu nyieunna. Ari nyatuna mah jukut, teu beda ti sapi.

¹⁶ Tapi awakna bedasna kabina-bina, urat-uratna laliat.

¹⁷ Ana buntutna centang, mani nanjeur jeg kai kiputri, urat pingpingna pating berehil.

¹⁸ Balung-balungna tarareuas jeg tambaga, babajegna jeg ruji-ruji beusi.

¹⁹ Di antara mahluk-mahluk Kami, ngan eta anu pohara matak helokna. Elehna ngan ku Anu nyiptakeunana.

²⁰ Jukut piparabeunana, sasat disodoran ti gunung-gunung, tempat pangulinan sato galak.

²¹ Gupakna handapeun tatangkalan anu carucukan, sok nyelegon dina dapuran kaso di sisi rawa,

²² diiuh-iuh ku tatangkalan nu carucukan jeung tangkal bidara, anu rajeg sisi walungan.

²³ Najan walungan ngocorna tarik teu inggiseun. Cai neumbagan bangusna ge, anteng-anteng bae.

²⁴ Saha nu bisa nyolok matana nepi ka lolong sangkan eta bisa kagusur? Saha nu bisa ngabarengkos bangusna?

41 ¹ Bisa maneh newak Lewiatan, ditohok atawa dieurad letahna tuluy dibedol?

² Bisa maneh ngerong cungurna ku dadung atawa ngait cacapekna ku ruruhit,

³ nepi ka eta lumengis menta dileupaskeun deui, atawa ampun-ampunan menta karunya,

⁴ atawa ngikrarkeun akad sumpah yen seja kumawula ka maneh saumur-umur?

⁵ Bisa eta teh ku maneh dicocoo kawas manuk ingu, atawa dijueun tongtoneun lanjang-lanjang maneh?

⁶ Na eta teh bisa ditatawarkeun ka palika, atawa dijual ka tukang lauk sake leng-sake leng?

⁷ Na teurak kulitna ditusuk ku trisula atawa ditojos huluna ku tohok?

⁸ Pek pangangguran toel, sakali ge maneh kapok, bangbaungeun saumur hirup, mo poho-poho basa keur tarungna!

⁹Kakara ku nenjona ge geus ngalumpuruk,
kabur manten pangacian.

¹⁰Ana eta geus culanggeuk, dangongna
pikagimireun, bororaah aya nu wani
deukeut-deukeut.

¹¹Di sajagat hamo aya nu sanggup tarung
jeung eta, bari salamet teu paeh.

¹²Urang tataan ku Kami wincikan
anggahotana, sakumaha gagahna, sakumaha
rongkah tanagana.

¹³Kulit luarna pamohalan bisa kasebit,
pakarang pamohalan aya nu bisa
nyempalkeun.

¹⁴Saha nu sanggup nyalawakkeun sungutna,
anu ranggeteng ku huntu, sareukeut matak
palaur?

¹⁵Tonggongna jeg dilakop ku rebuan batok,
teuas alah batan batu, mani kekep parerekep,

¹⁶pateteep raraket padedempet, nepikeun
ka hawa ge mo bisa seseleket.

¹⁷Awahing ku kekep jeung rekep, pamohalan
aya kulitna nu bisa kabeset.

¹⁸Beresinna mani ngaburinyay, matana
moncorong lir surya kakara medal.

¹⁹Bangusna nyebrot hurung, cahayana
racleng patingburinyay.

²⁰Irungna gegebosan ngabijilkeun saab,
ngelun siga haseup pangdurukan jukut dina
pariuk.

²¹Ambekanana ge mani kingkilaban,
sungutna mura-murakeun seuneu.

²² Pundukna istuning tangguh, tanggoh lain meumeueusan, anu paamprok tangtu kasima.

²³ Kulitna euweuh pisan uduh-uduhna, tarareuas ngabaketrap kawas beusi.

²⁴ Hatena teuas jeg batu, tara kaeunteupan sieun, teuas padet kawas batu panggilingan.

²⁵ Ana jung ngajurungkunung, jalma anu panggagahna ge kasima, hareugeueun, leungit tanagana.

²⁶ Pedang nambag, tumbak nyoledat, jamparing teu mahi, tohok moyodok, sagala pakarang taya nu teurak.

²⁷ Beusi dianggap jarami, tambaga dianggap pangpung bobo.

²⁸ Cadu lumpat ku dipanah, katimbul batu asa katinggang kalakay.

²⁹ Gada dianggap panggere, dilempag kalah ka genaheun.

³⁰ Sisitna rareges, reregean jiga pepecahan beling, ana ngorondang, leutak ambacak kacakar.

³¹ Laut dikubek digibeg-gibeg, mani ngagolak lir keur ditaheur, tingburial tingberekbek jeg minyak ngagolak dina kancah.

³² Alur urutna boborelakan, laut ngabudah mani bodes saluluar.

³³ Eta mahluk istuning euweuh kasieun, di sajagat sepi tanding tuna lawan.

³⁴ Sato anu panggagahna ge ku eta mah teu dianggap, kawantu Lewiatan mah rajaning sato galak."

42¹ Ayub ngawangsul ka PANGERAN,
²"Yaktos, Gusti teh kawasa sagala
 rupi, sakersa-kersa ngajadi.

³Leres satimbalan Gusti, abdi teh bodo
 katotoloyoh, kumawantun nguji kapinteran
 Gusti, ngomongkeun perkawis anu ku abdi
 henteu kaharti, anu kaahenganana henteu
 tiasa kajudi.

⁴Abdi ditimbalan ngaregepkeun ari Gusti
 keur ngalahir, kangge ngawangsul pamariksa
 Gusti.

⁵Kapungkur terang ka Gusti teh mung tina
 carios batur nanging ayeuna mah terang ku
 ningal sorangan.

⁶Ana emut kana ucapan sorangan, estu
 kalintang isinna, seja nyanggakeun pertobat,
 seja nyuksruk kana lebu."

⁷Sanggeus ngadawuh ka Ayub, PANGERAN
 lajeng ngadawuh ka Elipas, dawuhana-Na,
 "Kami keuheul liwat saking ka maneh jeung
 ka sobat maneh nu duaan, lantaran maneh
 teu bener medar sipat Kami, henteu cara
 Ayub abdi Kami.

⁸Ku sabab eta, kudu nyokot sapi jalu
 tujuh jeung domba jalu tujuh, kurbankeun
 di dieu pikeun nebus kasalahan maraneh.
 Menta dipangnedakeun ku Ayub, sabab ngan
 paneda manehna anu arek didenge, sangkan
 maraneh ku Kami ulah nepi ka dibales
 satimpal jeung ucapan-ucapan anu sakitu

barurungna, teu bener ngomongkeun perkara Kami, teu kawas Ayub."

⁹Seug eta dawuhan teh ku Elipas, Bildad jeung Sopar ditedunan. Ku Ayub dipangnedakeun, sarta ku PANGERAN dikabul.

¹⁰Ti dinya, sanggeus mangnedakeun tilu sobatna tea, Ayub ku PANGERAN dipulihkeun, tur dikersakeun mukti deui, malah nepi ka dua tikeleun ti tadina.

¹¹Saderek-saderekna istri pameget, kitu deui sobat-sobat heubeulna ngaralayad bari nungkulon hajatna Ayub. Kabeh narembongkeun bela sungkawana tina hal sagala sangsara anu ditibankeun ku PANGERAN ka anjeunna, sarta anjeunna pada ngalilipur. Maranehna nyararumbang ka Ayub, masing-masing ku duit sawatara jumlah jeung ali emas hiji.

¹²Ka tungtungnakeun hirup Ayub ku PANGERAN dihujanan ku berkah leuwih ti asal tadina. Pipiaraanana jumlahna teh: Domba 14.000, onta 6.000, kalde 1.000, sapi 2.000.

¹³Sarta kagungan deui putra, tujuh pameget tilu istri.

¹⁴Putra istri nu kahiji jenenganana Jamimah, nu kadua Kasiah, nu katilu Keren Hapuk.

¹⁵Eta putra-putra istri, tiluanana geulisna kawanti-wanti, sadunya taya nu nanding. Tiluanana ku ramana dipaparin warisan cara saderek-saderekna nu pameget.

¹⁶Ti semet harita Ayub masih keneh
jumeneng 140 taun deui, iasa nyaksian
putu-putu jeung buyut.

¹⁷Pupus-pupus sanggeus lambat-lambut nya
yuswa.

Mazmur

1 ¹Nya bagja jalma anu nolak pangajak jalma jahat, anu teu kabaud kana laku teu puguh, teu kabawakeun ka anu sok nyapirakeun Allah.

²Sabalikna resep nurut kana Hukum PANGERAN, bari diulik beurang peuting.

³Jelema anu kitu ibarat tangkal nu jadi di sisi walungan, dina usumna tangtu buahan, daunna ge moal aya alumna, sapanejana tangtu tinekanan.

⁴Sabalikna jelema jahat, kaayaanana jeg huut katiup angin.

⁵Jalma jahat ku Allah tangtu dihukum, jeung dipisahkeun ti umat-Na.

⁶Jalma bener, diraksa jeung dijaga ku PANGERAN, sabalikna jalma jahat mah nuju kana kamusnaan.

2 ¹Naon sababna bangsa-bangsa rek bararontak? Ku naon jalma-jalma nyarieun rarancang tanpa guna?

²Raja-rajana barontak para pangerehna sakait rek ngalawan ka PANGERAN, jeung ka raja pamilih Mantenna.

³Aromongna, "Hayu urang ngabebaskeun maneh tina kawasana, urang piceun belengguna."

⁴Ti tahta-Na di sawarga, PANGERAN
gumujeng, pepetaan maranehna
disapirakeun.

⁵Geus kitu Mantenna nyentak, wera ka
maranehna, ngarencodkeun maranehna ku
amarah-Na.

⁶Mantenna ngadawuh, "Kami geus ngangkat
hiji raja di Sion, gunung suci Kami!"

⁷"Kami rek nguarkeun," saur raja, "nu geus
jadi putusan PANGERAN. Kieu dawuhan Allah
ka kami, Hidep teh putra Kami; poe ieu pisan
hidep ku Kami digelarkeun.

⁸Pok penta ka Kami, eta sakabeh bangsa
teh, tangtu baris diselehkeun ka hidep, sarta
sakuliah jagat nya hidep anu boga.

⁹Pek geura parentah ku iteuk beusi, pasti
maranehna ajur remuk jeg pariuk peupeus."

¹⁰Ku sabab kitu, he para raja, masing daek
ngarti, kitu keneh anu nyarekel kakawasaan,
tarima ieu pepeling!

¹¹Sing ibadah ka PANGERAN, kalawan sieun,
geura sumujud ka Mantenna bari gumeter.

¹²(2-11b) Sabab lamun teu kitu tangtu
Mantenna bendu; aranjeun tangtu tiwas.
Bagja sing saha anu nyalindung ka Mantenna!

3¹(3-1) Jabur Daud, waktu anjeunna
nyingkahan putrana, Absalom. (3-2) Nun
PANGERAN, musuh abdi mangpirang-pirang,
sakitu seueurna anu malik ngaralawan!

²(3-3) Abdi pada ngaromongkeun, kieu
carekna, "Allah moal nulungan manehna!"

³(3-4) Nanging nun PANGERAN, Anjeun teh kepeng nu mindingan abdi salamina. Abdi dipaparin kaunggulan, dipaparin deui wawanen.

⁴(3-5) Kami sasambat ka PANGERAN, sarta Mantenna ngawaler ti pasir suci-Na.

⁵(3-6) Dug kami ngedeng, reup mondok, sapeupeuting ku PANGERAN diraksa.

⁶(3-7) Kami teu sieun ku musuh mangrebu-rebu nu ngepung kami ti unggal juru.

⁷(3-8) Nun PANGERAN, nun Allah, salametkeun abdi! Hukum sadayana musuh abdi, lumpuhkeun kakuatanana sing ulah bisaeun nyilakakeun abdi.

⁸(3-9) Kaunggulan datangna ti PANGERAN mugia Mantenna ngaberkahan umat-Na.

4 ¹(4-1) Pikeun pamingpin biduan. Dipirig ku kacapi. Jabur Daud. (4-2) Samangsa abdi sasambat, mugi diwaler, nun Allah, panyaluuhan abdi! Gusti parantos nulungan, waktos abdi susah. Ayeuna ge mugi mikawelas, paneda abdi mugi didangu.

²(4-3) He jalma-jalma, rek nepi ka iraha maraneh ngahina ka kami? Rek nepi ka iraha resep ka nu tanpa guna jeung moro-moro nu teu bener?

³(4-4) Inget, PANGERAN geus milih jelema nu bener, dijadikeun milik-Na, upama kami sasambat ka Mantenna, pasti didangu.

⁴(4-5) Sing ngadegdeg sieun, ulah nyieun deui dosa! Pek hal eta lalenyepan ari keur sepi sorangan di enggon.

⁵(4-6) Baktikeun kurban anu bener ka PANGERAN, tuluy ngandel ka Mantenna.

⁶(4-7) Seueur nu sok neneda kieu, "Pasihan abdi berkah langkung seueur, nun PANGERAN, mugi aya piwelas!"

⁷(4-8) Nanging kasukaan anu ku Anjeun dipaparinkeun ka abdi mah langkung ti kasukaan jalma-jalma anu mucukil hasil panenna.

⁸(4-9) Waktos ngedeng, abdi tiasa sare tibra, mung ku Anjeun, nun PANGERAN, hirup abdi aman santosa.

5¹(5-1) Pikeun pamingpin biduan. Dipirig ku suling. Jabur Daud. (5-2) Nun PANGERAN, dangukeun ieu panuhun abdi, pirosea rumahuh abdi.

²(5-3) Dangukeun panyambat abdi neda pitulung, nun Allah abdi, raja abdi!

³(5-4) Ka Gusti abdi neneda, nun PANGERAN; dangukeun sora abdi enjing-enjing; waktos panonpoe bijil, abdi ngunjukkeun paneda, sareng ngantos waleranana.

⁴(5-5) Margi Gusti sanes Allah nu seneng kaawonan, Gusti moal ngantep kajahatan.

⁵(5-6) Gusti teu tahan ningali jalmi adigung ceuceub ka nu lampahna jahat.

⁶(5-7) Tukang-tukang bohong ku Gusti dibasmi, tukang maehan sareng tukang tipu dihina.

⁷(5-8) Nanging ku margi Anjeun sakitu asihna, abdi kenging asup ka gedong Gusti, kenging ngabakti di Bait Gusti anu suci sujud ka Gusti kalayan hormat.

⁸(5-9) Nun PANGERAN, musuh abdi kacida seueurna! Mugi abdi dituyun ngalampahkeun pangersa Gusti; tuduhkeun jalan Gusti nu ku abdi kedah disorang.

⁹(5-10) Margi omongan musuh teh teu aya andeleunana, karepna mung bade ngabinasa, ucapananana sarae, matak kapincut, padahal pinuh ku tipu daya.

¹⁰(5-11) Mugi nu karitu teh dihukum, nun Allah, sina carilaka ku rarancangna sorangan. Usir ti payuneun Gusti margi seueur dosana, sareng ngaralawan ka Gusti.

¹¹(5-12) Dupi anu milari salamet ka Gusti mah bakal saruka, tiasa nyaranyi suka bungah salamina. Tangtayungan sugri anu nyaah ka Gusti, supados ngaraos suka ku karana Gusti.

¹²(5-13) Gusti ngaberkanan sakur anu narurut, nun PANGERAN; piwelas Gusti ibarat kepeng keur maranehna.

6¹(6-1) Pikeun pamingpin biduan. Dipirig ku kacapi. Nurutkeun lagu nu kadalapan. Jabur Daud. (6-2) Nun PANGERAN, sanaos

Gusti bendu, ulah dugi neunggeul ka abdi!
Sanaos Gusti wera, abdi ulah disiksa.

²(6-3) Sing welas, nun Gusti, abdi parantos
seep tanaga, parantos lungse, paparin
kakuatan,

³(6-4) awak sakujur karaos ajur. Nun
PANGERAN, lami keneh bade ngantep ka abdi
teh?

⁴(6-5) Sumping atuh, salametkeun abdi,
nun PANGERAN, jait abdi tina baya pati, ku
karana piwelas Gusti.

⁵(6-6) Di alam kubur mah Gusti moal
dipikaemut di ditu mah moal aya anu muji ka
Gusti.

⁶(6-7) Abdi lungse balas rupek nya hate,
unggal wengi ceurik balilihan, cipanon
maseuhan bantal.

⁷(6-8) Abdi meh teu tiasa ningal, panon
carindul balas ceurik, nya musuh lantaranana.

⁸(6-9) Nyingkah sing jauh, he para durjana!
Sabab PANGERAN ngadangueun ceurik kami,

⁹(6-10) ngadangueun panyambat kami
menta tulung, paneda kami baris ditarima.

¹⁰(6-11) Musuh kami bakal ngarasa getirna
kaera dumeh eleh, ngadadak jadi baringung
tuluy kalabur.

7 ¹Tangis Daud ku karana Kus, urang
Binyamin; dinyanyikeun ka PANGERAN.
(7-2) Nun PANGERAN, Allah abdi, abdi
nyuhunkeun diraksa, lputkeun, salametkeun,
leupaskeun ti nu ngudag-ngudag.

²(7-3) Ulah dugi ka maranehna lir singa ngagusur abdi, sarta abdi henteu aya nu nulungan, tangtos abdi disasaak.

³(7-4) (7: 4-5) Nun PANGERAN, Allah abdi, upami abdi jahat upami kantos nипу babaturan upami kejem ka musuh tanpa lantaran, upami kantos ngalampahkeun anu sarupi kitu,

⁴(7: 3)

⁵(7-6) sawios musuh sina nguber-nguber sarta abdi kacerek, sawios abdi sina ditigas, dipaehan, mayit abdi diantep ngalumbuk dina taneuh.

⁶(7-7) Gedurkeun amarah, nun PANGERAN! Musuh abdi anu ngamuk teh ayonan enggal singkil, abdi belaan, apan Gusti meredih kaadilan.

⁷(7-8) Kempelkeun bangsa-bangsa sina ngariung ka Gusti, kawasaan ku Gusti ti sawarga.

⁸(7-9) Gusti ngahakiman umat manusa, abdi nyuhunkeun kaadilan, nun PANGERAN; Gusti uninga yen abdi teu salah.

⁹(7-10) Gusti teh Allah nu adil, anu nilik pikiran jeung karep manusa. Eureunkeun kagorengan jalma jahat, ganjar jalmi anu balener.

¹⁰(7-11) Allah teh panyalindungan kaula, anu nyalametkeun jalma nu nurut ka Mantenna.

¹¹ (7-12) Allah teh Hakim nu adil, anu salawasna ngahukum jelema jahat.

¹² (7-13) Lamun maranehna teu daraek tobat, Allah baris ngasah pedang-Na. Mantenna ngawengkang gondewa tinggal ngalepas,

¹³ (7-14) nyepeng pakarang nu matih ngechengkeun panah nu hurung.

¹⁴ (7-15) Titenan, kumaha si jahat ngulik kajahatan, ngararancang huru-hara, ngajalankeun tipu daya.

¹⁵ (7-16) Tapi pitapak beunangna masang keur batur keunana ka maranehna sorangan.

¹⁶ (7-17) Kajuliganana malindes kana dirina, cilaka ku katelengesanana sorangan.

¹⁷ (7-18) Kaula muji sukur reh PANGERAN teh adil, kaula ngamulyakeun jenengana-Na Nu Maha Agung.

8 ¹ (8-1) Pikeun pamingpin biduan.

Nurutkeun lagu Gitit. Jabur Daud.

(8-2) Nun PANGERAN, Gusti abdi sadaya, kaagungan Gusti tempong di sakuliah jagat! Kamulyaan Gusti maratan langit;

² (8-3) dinyanyikeun ku barudak sareng orok. Gusti reugreug, aman ti sadaya musuh, sing sakur anu ngalawan ku Gusti dibungkem.

³ (8-4) Ana abdi narawang langit, damelan Gusti, bulan sareng bentang-bentang kenging Gusti merenahkeun,

⁴(8-5) manusa teh naon, ku Gusti dugi ka dipikaemut; naon manusa teh, ku Gusti dugi ka dipirosea?

⁵(8-6) Dipidamelna ku Gusti meh nyaruaan Gusti ku manten, dimakutaan ku kamulyaan sareng kahormatan,

⁶(8-7) sina murba ka sugri dadamelan Gusti, sina marentah sadaya mahluk;

⁷(8-8) domba sareng sapi, katut sasatoan pangeusi leuweung,

⁸(8-9) manuk-manuk sareng lauk sareng saniskanten mahluk di laut.

⁹(8-10) Nun PANGERAN, Gusti abdi sadaya, kaagungan Gusti tembong di sakuliah jagat!

9¹(9-1) Pikeun pamingpin biduan.

9² Nurutkeun lagu Mut Laben. Jabur Daud.
⁽⁹⁻²⁾ Kalayan hate mantep, nun PANGERAN, abdi sumeja muji ka Gusti, sareng seja ngamashurkeun padamelan Gusti anu araheng.

²(9-3) Ku karana Gusti, abdi bingah sumeja nyanyi. Sumeja nyanyi muji ka Gusti, nun Allah Nu Maha Kawasa.

³(9-4) Musuh-musuh abdi bubar birat barang naringal Gusti tembong, tingjarungkel paraeh.

⁴(9-5) Gusti ngahukum kalawan adil tur jujur, parantos ngabelaan perkawis abdi.

⁵(9-6) Gusti parantos ngahukum bangsa-bangsa nu jarahat parantos dibasmi, moal aya nu nginget-nginget deui.

⁶(9-7) Musuh-musuh parantos musna sapapaosna, kota-kotana ku Gusti parantos diancurkeun, moal aya deui nu mikaeling.

⁷(9-8) Demi PANGERAN mah raja salalanggengna, tahta pangadilana-Na geus nanjeur.

⁸(9-9) Anjeunna marentah dunya kalayan adil, ngahakiman bangsa-bangsa ku kaadilan.

⁹(9-10) PANGERAN teh pananggeuhan keur sakur nu ditindes, panyalindungan dina mangsa susah.

¹⁰(9-11) Anu tarerang ka Gusti, nun PANGERAN, bakal ngaharep ka Gusti, sugri anu marek ku Gusti tara ditolak.

¹¹(9-12) Sanggakeun puji ka PANGERAN, anu marentah di Sion! Mashurkeun padamelana-Na ka sakumna bangsa-bangsa!

¹²(9-13) Allah emut ka nu sangsara, henteu lali kana panyambatna, sareng ngahukuman jalma-jalma nu nyiksa ka maranehna.

¹³(9-14) Duh PANGERAN, mugi aya piwelas! Tingali talajak musuh anu nyangsara ka abdi! Nun PANGERAN, jait abdi tina ajal.

¹⁴(9-15) Supados abdi tiasa nangtung hareupeun urang Yerusalem, nembongkeun kabungah parantos disalametkeun ku Gusti.

¹⁵(9-16) Bangsa-bangsa nyarieun lombang, maranehna anu tigebrus, beunang ku pitapakna sorangan.

¹⁶(9-17) PANGERAN ngebrehkeun anjeun ku putusan hukum-Na nu adil, nu daroraka teh cilaka ku polahna sorangan.

¹⁷(9-18) Nya paeh bagian nu jarahat mah, bagian jelema anu narolak ka Allah.

¹⁸(9-19) Nu balangsak moal salilana diantep; moal salilana pangarep-ngarep nu laip disina remuk.

¹⁹(9-20) Sumping, nun PANGERAN! Tong diantep manusa sombong ka Gusti! Kempelkeun maranehna ka payuneun, umumkeun hukumanana.

²⁰(9-21) Sina sarieuneun, nun PANGERAN, sina ngarasaen yen manehna teh saukur manusa.

10¹Ku naon tebih, nun PANGERAN?
Ku naon nyumput waktos abdi-abdi kasesahan?

²Nu jarahat reujeung angkuh nindes ka nu balangsak; eurad eta jelema-jelema teh ku jiretna sorangan.

³Nu jarahat nyombongkeun napsu-napsu jahatna, nu harawek nyapa sareng nganistakeun PANGERAN.

⁴Jalma jahat teu malire ka PANGERAN; ceuk pikirna anu sombong Allah teh euweuh.

⁵Nu jarahat teh naranjung dina sagala hal. Maranehna teu bisa ngarti kana hukum Allah, ka musuh salawasna nguntup.

⁶Hatena takabur, "Aing moal bisa gagal, moal keuna ku balangsak."

⁷ Eusi omonganana panyapa, tipu, ancaman; kecap-kecapna pinuh ku kangewa jeung jahat.

⁸ Maranehna nyarumput di lembur-lembur, niat ngabinasa ka nu henteu salah, ngadodoho jelema nu taya dayana,

⁹ ngabongohan ti panyumputanana cara singa. Ngadepong ngadago jalma malarat, nu balangsak dieuradan terus digusur.

¹⁰ Korban-korbanna ngalungsar taya dayana, eleh ku kabedasanana.

¹¹ Si jahat ngomong sorangan, "Allah cicing bae! Peureum bae, moal nenjoeun ka aing!"

¹² Nun PANGERAN, hukum eta nu jarahat teh! Sing emut ka nu balangsak!

¹³ Ku naon nu jahat teh nepi ka bisa nyacampah ka Allah, majar maneh, "Aing ku Allah moal dihukum?"

¹⁴ Nanging Gusti teh ningali; malire ka nu sangsara sareng lara, tur sayagi nulungan. Nya ka Gusti sumerahna nu teu walakaya teh. Gusti salamina ngabela ka jalmi miskin.

¹⁵ Basmi kakawasaan nu jahat sareng nu doraka teh, hukum kajahatanana, sangkan ulah deui-deui.

¹⁶ PANGERAN teh raja sapapanjangna. Anu nyarembah ka allah-allah sejen bakal musna ti tanahna.

¹⁷ Nun PANGERAN, Gusti kersa ngadangu panyambatna jalmi laip, negerkeun hatena.

¹⁸Gusti kersa ngadangukeun panyambat jalma pahatu, kersa mirosea jumeritna nu dikakaya. Gusti kersa ngabelaa maranehna; dugi ka moal aya deui manusa anu nganiaya ka maranehna.

11 ¹Pikeun pamingpin biduan. Jabur Daud. Kaula nyalindung ka PANGERAN. Taya gunana omongan anjeun ka kaula, anu majar, "Geura kabur ka gunung, nurutan manuk,

²sabab si murka geus mentang gondewa, jamparingna geus dikeceng, diincerkeun ti nu poek ka jalma nu bener.

³Lamun kabeh enggeus burak-barik, jelema bener moal bisa nanaon deui."

⁴PANGERAN aya di Bait-Na anu suci, tahta-Na aya di sawarga. Soca-Na ngawaskeun manusa di mana-mana, uninga ka sakur laku lampahna.

⁵Mantenna nguji, boh ka nu bener boh ka nu jahat, Mantenna ijid ka jalma anu ingkar ti hukum.

⁶Anu jahat ku Mantenna dihujanan ruhak jeung walirang, ditarajang ku panas nereptep.

⁷PANGERAN teh maha adil, nyaah ka nu hade lampah, anu harade lampah, hirup di payuneuna-Na.

12 ¹(12-1) Pikeun pamingpin biduan. Laguna kawas nu kadalapan. Jabur Daud. (12-2) Duh PANGERAN, abdi-abdi

tulungan! Parantos seep jalmi nu sae,
parantos suwung jalmi nu jujur.

²(12-3) Manusa gawena silih bobodo, silih
tipu ku omong pangoloan.

³(12-4) Eureunkeun omong pangoloanana,
nun PANGERAN! Bungkemkeun sungutna nu
gede omong.

⁴(12-5) Carekna, "Sagala kahayang urang
nu diucapkeun, beunang. Hayang naon
ge tinggal nyebutkeun, moal aya nu bisa
ngahalang-halang."

⁵(12-6) Tapi dawuhan PANGERAN, "Ayeuna
keneh Kami rek datang, karunya ka nu
dikaniaya, kana jeritna kanyeri nu dikakaya,
sina talengtrem nu jadi harepanana."

⁶(12-7) Jangji PANGERAN bisa dipercaya
kabeh murni lir perak beunang nguji tujuh
kali dina parapen.

⁷(12-8) (12:8-9) Jalma jahat aya di mana-
mana saban jalma mupunjung kagorengan.
Tangtayungan abdi sadaya, nun PANGERAN,
raksa ti jalma anu karitu.

⁸(12:7)

1 3 ¹(13-1) Pikeun pamingpin biduan.
Jabur Daud. (13-2) Bade lami keneh
Gusti lali ka abdi, nun PANGERAN? Bade
salamina? Bade dugi ka iraha Gusti nyumput
ti abdi?

²(13-3) Dugi ka iraha abdi kedah nandangan
sungkawa, siang wengi gering pikir? Sabaraha
lami deui abdi dikawasaan ku musuh?

³(13-4) Duh PANGERAN Allah abdi, tingali sareng waler ieu abdi. Pulihkeun kakiatan abdi, ulah dugi ka abdi tiwas.

⁴(13-5) Musuh abdi ulah sina ngomong, "Manehna geus eleh ku urang." Maranehna ulah disina nyurakan abdi eleh.

⁵(13-6) Margi abdi ngandel kana satia asih Gusti, abdi bingah, rehna Gusti kersa nulungan.

⁶(13-7) Ka Gusti, nun PANGERAN, abdi muji sukur, reh Gusti parantos sakitu saena ka abdi.

1 4 ¹Pikeun pamingpin biduan. Jabur Daud. Ceuk anggapan nu garejul mah, "Allah teh euweuh." Eta sababna pangna kalakuanana jahat, laku lampahna goreng kabina-bina, saurang ge euweuh nu migawe bener.

²PANGERAN ti sawarga ningalikeun bumi, nenget-nenget umat manusa, nitenan, sugar aya keneh anu bijaksana, sugar aya nu ibadah ka Mantenna.

³Horeng geus garoreng kabeh, taya piliheunana, kabeh sarua gorengna. Saurang ge taya nu migawe bener, teu saurang-urang acan.

⁴"Teu nyarahoeun, kitu?" PANGERAN mariksa. "Geus arembung nganyahokeun kabeh eta nu jarahat teh? Gawena ngarampogan umat Kami, jeung euweuh anu daek neneda ka Kami."

⁵Tapi engke maranehna bakal tagiwur, sabab Allah teh nyarengan ka sakur anu nurut ka Mantenna.

⁶Anu jarahat teh ngareuntaskeun pakarepan jalma laip, tapi nu laip teh nyalindungna ka PANGERAN.

⁷Kami banget neneda, kaunggulan sing datang ka Israil ti Sion. Tada teuing bungahna engke urang Israil lamun kaayaanana geus dipulihkeun ku PANGERAN!

15 ¹Jabur Daud. Nun PANGERAN, saha anu diwidian marek ka Bait Gusti? Saha anu kenging ngabakti di Sion, gunung suci Gusti?

²Nya eta anu dina sagala hal tuhu ka Allah, anu salawasna migawe nu bener, jujur satarabasna dina nyarita;

³jalma nu tara mitenah, ka batur tara hasud, tara ngagogoreng tatangga.

⁴Mikacua jalma anu ditolak ku Allah, ngajenan ka nu satuhu ka PANGERAN. Kana jangji tara jalir sanajan matak rugi ka dirina.

⁵Mun nginjeumkeun tara ngarah batu, tara daek disogok sina nyilakakeun nu teu salah. Jalma nu kitu lampahna bakal tengtrem salawasna.

16 ¹Jabur Daud. Raksa abdi, nun Allah, da abdi nyalindung ka Gusti.

²Kaula unjukan ka PANGERAN, "Gusti teh PANGERAN abdi; sadaya pitulung ti Gusti asalna."

³Ku utama umat anu satia ka Allah!
Kaula pangresepna reureujeungan jeung
maranehna.

⁴Anu muru allah-allah sejen, geus tangtu
susah sorangan. Kaula embung miluan
kana kurbanna, embung milu nyembah ka
allah-allahna.

⁵Kagaduh abdi mah mung salira Gusti,
nun PANGERAN. Pangabutuh abdi nya Gusti
nu nyekapan, pati hurip abdi nya Gusti nu
nyepengna.

⁶Pangasih Gusti ka abdi estu matak helok,
taya babandinganana.

⁷Kaula muji sukur ka PANGERAN, reh ku
Mantenna dituyun, ari ti peuting sanubari teh
ngingetan.

⁸Kaula salawasna eling di payuneun
PANGERAN, Mantenna teh deukeut, teu aya
nu matak rentag.

⁹Jadi hate abdi ngarasa sukur, bungah, sarta
ngarasa kacida tengtremna,

¹⁰reh ku Gusti dijaga tina kawasa ajal. Abdi
satuhu ngawula ka Gusti, ku Gusti moal
diselehkeun ka dunya anu maraot.

¹¹Gusti baris nuduhan jalan anu brasna kana
hirup; aya di payuneun Gusti hate pinuh ku
kabingahan, sareng kasenangan salalamina.

17¹Paneda Daud. Nun PANGERAN,
dangukeun, abdi nyuhunkeun
kaadilan, mugi kersa merhatoskeun, abdi

jumerit nyuhunkeun tulung! Dangukeun doa
abdi anu iklas.

²Belaan perkara abdi, reh Gusti tingali ka nu
bener.

³Gusti uninga kana eusi hate abdi; Gusti
sumping wanci wengi, diri abdi ku Gusti
parantos ditaliti, kapendak teu aya kahayang
awon. Abdi tara nurut kana timbalan Gusti

⁴sapertos nu sanes. Abdi nurut kana
timbalan Gusti sareng tara nganggo
kakerasan.

⁵Salamina mung nyorang jalan Gusti, tara
pisan mengpar ti dinya.

⁶Abdi sasambat, nun Allah, margi tangtos
Gusti ngawaler, mugi kersa nolih, dangukeun
paneda abdi.

⁷Nun PANGERAN, pintonkeun kaasih Gusti
nu agung, abdi salametkeun; caket ka Gusti
mah abdi aman ti musuh-musuh.

⁸Jagi abdi lir ka soca ku manten,
sumputkeun dina kalangkang jangjang Gusti,

⁹sangkan teu ditarajang ku nu jahat. Abdi
dikepung ku musuh nu rek maehan,

¹⁰nu taya pisan rasrasanana, ucap-
ucapanana takabur.

¹¹Ayeuna abdi katingker, didodoho ti
sakuriling bade digusur.

¹²Maranehna lir singa nu bade nekuk, rek
nyasaak awak abdi.

¹³Enggal, nun PANGERAN! Lawan musuh-musuh abdi, elehkeun! Luputkeun abdi ti nu jarahat ku pedang Gusti,

¹⁴Iputkeun abdi ti maranehna, anu hirupna parantos kacumponan kahayangna. Hukum maranehna, ku kasangsaraan anu ku Gusti parantos diajangkeun keur maranehna sing cekap kasangsaraanana teh keur anak-anakna ongkoh, malah sing aya langkungna keur ngahukum incu-incuna.

¹⁵Dipi abdi ku margi teu lepat, tangtos bakal ningal Gusti, sareng waktos hudang tangtos ngarasa senang da Gusti aya ngabanding.

18¹(18-1) Pikeun pamingpin biduan.

18 Jabur Daud, abdi PANGERAN. Laguna diunjukkeun ka PANGERAN, sanggeus diluputkeun tina kungkungan musuh jeung tina ancaman Saul. (18-2) Kumaha cintana abdi ka Gusti, nun PANGERAN! Gusti teh kakiatan abdi.

²(18-3) PANGERAN teh panyalindungan kaula, benteng kaula anu kuat Allah kaula teh pangraksa kaula, jeung Mantenna kaula aman. Mantenna lir kepeng anu mindingan kaula, ngajaga kaula sangkan rahayu.

³(18-4) Kaula sasambat ka PANGERAN; tuluy kaula dileupaskeun ti leungeun musuh. Puji PANGERAN!

⁴(18-5) Kaula geus dilingkung ku banya maot, digulung ku ombak kabinasaan.

⁵(18-6) Kaula geus dirubung ku banya pati,
geus ditaheunan ku kubur.

⁶(18-7) Sajeroning tagiwur kaula sasambat
ka PANGERAN, nyambat pitulung Allah kaula.
Sora kaula kadangueun di Bait-Na, jerit kaula
menta tulung diperhatoskeun.

⁷(18-8) Geus kitu bumi ngadegdeg jeung
genjlong, dasar gunung-gunung aringgeung
sabab Allah bendu.

⁸(18-9) Tina liang pangambung-Na ngebul
haseup, tina baham-Na nyebrot seuneu jeung
ruhak burahay.

⁹(18-10) Mantenna nyiklakkeun langit, jut
lungsur ngadampal kana mega nu angkeub.

¹⁰(18-11) Tuluy nyeot hiber nitihan
mukarabin sumiriwik dina jangjang angin.

¹¹(18-12) Mantenna ngarimbunan anjeun
ku poek, dikuribeng ku mega mendung.

¹²(18-13) Tina kilat di payuneuna-Na, bijil
hujan es jeung burinyayna seuneu, nembus
mega angkeub anu kandel.

¹³(18-14) Geus kitu PANGERAN ngagulugur
di langit, gentra-Na Nu Maha Agung karungu.

¹⁴(18-15) Mantenna ngalepas-lepaskeun
jamparing-Na ngaburencaykeun musuh-
musuh-Na, nyamber-nyamberkeun kilat-Na,
musuh-musuh-Na kalabur.

¹⁵(18-16) Dasar laut kasingkabkeun,
dasar-dasar jagat ngabuliklak, nalika Gusti,
nun PANGERAN, ngahaok ka musuh, sareng
ngagaur lantaran bendu.

¹⁶(18-17) PANGERAN ti luhur ngulurkeun panangan, ceg kaula dicepeng, tuluy dibedol tina cai anu jero.

¹⁷(18-18) Mantenna ngaleupaskeun kaula ti musuh rongkah, jeung ti jalma-jalma anu mikangewa; kakuatan maranehna lain lawaneun kaula.

¹⁸(18-19) Waktu kaula meunang bahla, maranehna narajang, tapi PANGERAN ngaraksa ka kaula.

¹⁹(18-20) Kaula dijait tina bahla, sabab Mantenna nyauheun ka kaula.

²⁰(18-21) Kaula ku Mantenna diganjar, sabab geus milampah anu bener, diberkahan, lantaran teu boga salah.

²¹(18-22) Kaula tigin kana parentah PANGERAN, tara nytingkir ti Allah kaula.

²²(18-23) Hukum-hukum Mantenna ku kaula diturut, sagala timbalana-Na taya nu dipungpang.

²³(18-24) Mantenna uningaeun yen kaula taya celana, jeung nyegah diri tina kagorengan.

²⁴(18-25) Mantenna ngaganjar kaula lantaran kaula nyieun nu bener lantaran Mantenna uningaeun yen kaula teu boga salah.

²⁵(18-26) Nun PANGERAN, Gusti teh satia ka jalmi anu satia ka Gusti, sae ka jalmi anu lampahna utami.

²⁶(18-27) Gusti wening galih ka nu
hatena beresih, ngamusuhan ka nu nyieun
kagorengan.

²⁷(18-28) Gusti nyalametkeun jalmi anu
rendah hate, ngarendahkeun jalmi anu luhur
hate.

²⁸(18-29) Gusti ka abdi maparin caang,
nyaangan abdi nu keur poekeun.

²⁹(18-30) Gusti maparin abdi kakiatan
ngagempur musuh maparin kasanggupan
ngabedah pertahanan lawan.

³⁰(18-31) Allah teh damel-Na sampurna
liwat saking! Sagala pangandika-Na estu
cekeleun! Mantenna ibarat tameng ka sakur
nu nyalindung ka Mantenna.

³¹(18-32) Allah teh ngan PANGERAN, ngan
Allah panyalindungan urang teh.

³²(18-33) Nya Allah pisan nu maparin
kakuatan ka kaula, anu ngamankeun
pijalaneun kaula.

³³(18-34) Suku kaula disina rikat lir
peucang, kaula disina aman di pagunungan.

³⁴(18-35) Mantenna ngadidik kaula kana
jurit, nepi ka sanggup ngawengkang gondewa
nu pangkuatna.

³⁵(18-36) Nun PANGERAN, Gusti
nangtayungan, nyalametkeun abdi. Paniten
Gusti ngalantarankeun abdi unggul, salamet
ku karana kakawasaan Gusti.

³⁶(18-37) Abdi teu kacerek, teu ragrag ka
musuh, Gusti nu ngajagi.

³⁷ (18-38) Musuh ku abdi diudag sarta
beunang, haben digempur dugi ka tumpur.

³⁸ (18-39) Diamuk dugi ka rarubuh
tingrumpuyuk, teu harudang deui, areleh
tinggaloler di hareupeun.

³⁹ (18-40) Gusti maparin abdi kadigjayaan
jurit maparin unggul ngelehkeun musuh.

⁴⁰ (18-41) Maranehna ku Gusti disina jicir,
nu darengki ka abdi sadayana dibasmi.

⁴¹ (18-42) Tingkoceak marenta tulung taya
nu nolih, pada sasambat ka PANGERAN, tapi
teu didangu.

⁴² (18-43) Ku abdi diluluh nepi ka jadi
sapertos lebu anu mancawura ku angin,
diidek sapertos leutak di jalan.

⁴³ (18-44) Abdi ku Gusti diluputkeun ti
jalmi-jalmi nu bangkawarah didamel kawasa
ka bangsa-bangsa, jalmi-jalmi nu abdi teu
wawuh, ayeuna ngawula ka abdi.

⁴⁴ (18-45) Urang asing ka abdi marendek,
omongan abdi ku maranehna diturut.

⁴⁵ (18-46) Maranehna parantos leungit
kawani, kalaluar ti bentengna bari ngadegdeg.

⁴⁶ (18-47) PANGERAN jumeneng! Puji
Mantenna, bebenteng kaula! Embarkeun
kaagungana-Na, Allah anu nyalametkeun
kaula.

⁴⁷ (18-48) Mantenna anu ngunggulkeun
kaula ti musuh, anu nalukkeun bangsa-bangsa
ka kaula,

⁴⁸(18-49) jeung anu ngaluputkeun kaula ti kabeh satru. Nun PANGERAN, Gusti nu ngersakeun abdi unggul ti musuh, nu ngaraksa ti jalmi anu barengis.

⁴⁹(18-50) Ku margi kitu, abdi muji Gusti di bangsa-bangsa, abdi nyanggakeun pupujian ka Gusti.

⁵⁰(18-51) Allah maparin kaunggulan rosa ka raja nu diangkat ku Mantenna, nembongkeun kaasih-Na ka jalma nu dipilih ku Mantenna, ka Daud jeung turunanana salalawasna.

19¹(19-1) Pikeun pamingpin biduan.

19 Jabur Daud. (19-2) Ku bengras langit ngebrehkeun kamulyaan Allah! Ku cekas eta teh nembongkeun karya Mantenna!

²(19-3) Poe nu ieu nepikeun hal eta ka poe isuk, peuting nu ayeuna nyaritakeun hal eta ka peuting nu engke.

³(19-4) Taya ucap taya kecap nu dipake, taya sora nu kadenge;

⁴(19-5) tapi amanahna parat ka saampar jagat, aweuhanana kadenge tepi ka tungtung bumi. Allah ngimahan panopoe di langit,

⁵(19-6) nu medal isuk-isuk lir panganten lalaki lugay ti kamar, pertentang jeg pahlawan seja miang.

⁶(19-7) Ngagandeuang ti tungtung langit nu ieu, ngambah jalan muru ka tungtung langit nu itu, kabeh taya nu luput tina panasna.

⁷(19-8) Hukum PANGERAN sampurna, matak seger kana jiwa. Parentah PANGERAN

beunang dipercaya, mere hikmah ka anu tuna harti.

⁸(19-9) Papakon PANGERAN saestu, matak bagja nu mituhu. Parentah PANGERAN teh adil, matak lantip budi akal.

⁹(19-10) Bakti ka PANGERAN kacida hadena, bakal lumangsung salalawasna. Putusan PANGERAN adil kabeh lempeng sarta jujur.

¹⁰(19-11) Leuwih pikabitaeun ti batan emas nu pangalusna, leuwih amis ti batan madu asli.

¹¹(19-12) Tina eta abdi kenging pangarti, tigin ka eta kenging ganjaran.

¹²(19-13) Taya jalma nu ngarasa kana kasalahan dirina; bebaskeun abdi tina kalepatan nu teu kaciri!

¹³(19-14) Sareng luputkeun tina dosa anu dihaja, sing ulah kacangking ku lampah kitu. Sangkan jadi jalma sampurna, bebas leupas tina dosa nu matak cilaka.

¹⁴(19-15) Sakur ucap abdi katut usiking sanubari, sing matak kamanah ku Gusti nun PANGERAN, panyaluuhan sareng panebus abdi!

20¹(20-1) Pikeun pamingpin biduan. Jabur Daud. (20-2) Mugia PANGERAN ngamakbul paneda anjeun dina mangsa rupek, mugia Allahna Yakub ngaraksa ka anjeun.

²(20-3) Mugia anjeun dikirim pitulung ti Bait-Na, dipaparin pangdeudeul ti Gunung Sion.

³(20-4) Mugia Mantenna kersa nampi sadaya pangbakti anjeun, mugia sadaya kurban anjeun ka Mantenna kalandep.

⁴(20-5) Mugia kahoyong anjeun ku Mantenna dikabul, sagala rancangan anjeun sing dilangsarkeun.

⁵(20-6) Kaunggulan anjeun tangtos dipapag ku surak, dipestakeun ku pamuji ka Allah urang. Mugia sapaneja anjeun ku PANGERAN dikabul.

⁶(20-7) Ayeuna abdi yakin, PANGERAN teh maparin kaunggulan ka raja kenging-Na milih, ngamakbul ti sawarga-Na nu suci, ku kawasa-Na, raja disina sakitu unggulna.

⁷(20-8) Aya nu ngandelkeun kareta perangna, aya nu ngandelkeun kudana, ari andelan urang mah kakawasaan PANGERAN, Allah urang.

⁸(20-9) Maranehna bakal tisusut rarubuh, ari urang mah baris teteg, nangtung tagen.

⁹(20-10) Nun PANGERAN, sang raja sing unggul; upami ku abdi-abdi disambat, Gusti mugi ngawaler.

21 ¹(21-1) Pikeun pamingpin biduan.

Jabur Daud. (21-2) Nun PANGERAN, raja teh bingah reh ku Gusti dipaparin kakiatan, ngaraos suka reh ku Gusti disina unggul.

²(21-3) Paneja manahna ku Gusti diridoan, pamundutna ku Gusti ditedunan.

³(21-4) Gusti sumping ka anjeunna, nyandak pirang-pirang berkah, anjeunna dimakutaan ku makuta emas.

⁴(21-5) Anjeunna mundut hirup, ku Gusti dikabul, malah sina panjang yuswa salalamina.

⁵(21-6) Ku pitulung Gusti, raja jadi kacida mulyana, disina kamashur sareng agung.

⁶(21-7) Ku Gusti teu kendat-kendat diberkahan, ku Gusti disarengan, kalintang sukaeunana.

⁷(21-8) Raja teh muntangna ka PANGERAN Nu Maha Kawasa, sarta ku lantaran terus dipikaasih ku PANGERAN, tangtu anjeunna aman sapapanjangna.

⁸(21-9) Anjeunna baris ngaboyong musuh-musuhna, ngaboyong sakur anu mikaijid ka anjeunna.

⁹(21-10) Ana anjeunna sumping, maranehna tangtu dibasmi lir ku seuneu ngagebur. Maranehna bakal musna ku amarah PANGERAN, jeung ku seuneu nepi ka beak.

¹⁰(21-11) Turunan maranehna moal aya anu nyesa kabeh bakal dibasmi ku raja.

¹¹(21-12) Musuh ngatur siasat, rek ngalawan ka anjeunna, tapi moal hasil.

¹²(21-13) Jamparing raja bakal tingbelesat ka maranehna nepi ka maranehna lalumpat kalabur.

¹³(21-14) Abdi sadaya muji Gusti, nun PANGERAN, reh Gusti sakitu digjayana. Abdi sadaya sumeja nyanyi sareng muji kakawasaan Gusti.

22¹(22-1) Pikeun pamingpin biduan. Lagu "Uncal dina wanci pajar". Jabur Daud. (22-2) Nun Allah, Gusti abdi, ku naon ngantunkeun? Putus harepan abdi, jumerit neda pitulung, nanging pitulung teu dongkap-dongkap.

²(22-3) Abdi nyambat Gusti sapanjang siang, nun Allah, nanging Gusti teu ngawaler, nyambat Gusti waktos wengi, hate angger henteu tengtrem.

³(22-4) Nanging Gusti teh jadi Raja Anu Suci nu dipuji-puji ku Israil.

⁴(22-5) Karuhun abdi sadaya ngaharepna teh ka Gusti, maruntangna teh ka Gusti, ku Gusti disalametkeun.

⁵(22-6) Maranehna sasambat ka Gusti, seug luput tina balahi. Ngaharep ka Gusti, pangharepanana teu mubadir.

⁶(22-7) Rupina abdi mah sanes jelema deui, cacing, dipoyok, dihina, ku pada jalma!

⁷(22-8) Nu naringal ka abdi nyaleungseurikeun, ngalelewean sareng ngagodegan.

⁸(22-9) Carekna, "Ongkoh maneh percaya ka PANGERAN, geuning ku PANGERAN teu disalametkeun? Ari enya mah sukaeun ka maneh, naha geuning teu nulungan?"

⁹(22-10) Nya Gusti anu ngaluarkeun abdi kalayan rahayu tina kandungan, Gusti nu ngajagi abdi kalayan salamet waktos abdi orok.

¹⁰(22-11) Abdi percaya ka Gusti ti barang lahir sareng nya Gusti anu salamina jadi Allah abdi.

¹¹(22-12) Ulah tebih ti abdi! Abdi nampeu kana pibahlaeun, teu aya deui nu pinulungeun.

¹²(22-13) Lir banteng-banteng musuh ngaronom lir banteng-banteng galak ti tanah Basan ngadarangong ngepung abdi.

¹³(22-14) Sungutna caralawak, cara singa tinggalaur hayangeun nyasaak.

¹⁴(22-15) Abdi parantos teu gaduh deui tanaga parantos seep lir cai bahe kana taneuh. Tulang-tulang pasiksak lalocutan hate leyur sapertos lilin.

¹⁵(22-16) Tikoro garing sakesat lebu, letah rapet kana lalangit. Ku Gusti diantep ngalumbuk dina kekebul, sapertos ka nu parantos lastari.

¹⁶(22-17) Abdi dirurubung ku gorombolan jalma jahat. Maranehna lir gorombolan anjing, pasesedek ngaronom, ngareweg kana leungeun kana suku.

¹⁷(22-18) Tulang-tulang abdi tarembong, ditarongton diparerong ku musuh-musuh.

¹⁸(22-19) Papakean abdi dilotrekeun tuluy dibagi-bagikeun.

¹⁹(22-20) Nun Gusti, ulah tebih ti abdi,
enggal sumping, tulungan abdi!

²⁰(22-21) Luputkeun abdi tina pedang,
luputkeun nyawa abdi ti eta anjing-anjing.

²¹(22-22) Salametkeun abdi ti eta singa-
singa. Nyanghareupan eta banteng-banteng
galak, abdi teu tiasa walakaya.

²²(22-23) Abdi bade nyanggemkeun
padamelan Gusti ka rahayat, bade
ngamulyakeun Gusti dina pasamoanana:

²³(22-24) "Agungkeun Mantenna, he
abdi-abdi PANGERAN! Hormat Mantenna,
he turunan Yakub! Sembah Mantenna, he
sakabeh turunan Israil!"

²⁴(22-25) Mantenna henteu nyapirakeun
anu miskin, henteu nyapirakeun
kasangsaraanana, henteu ngalieus
ti maranehna, kersaeun ngadangu
panyambatna."

²⁵(22-26) Anu parantos dipidamel ku Gusti
bade dipuji-puji dina kumpulan umat. Di
kumpulan jalmi-jalmi anu ngabarakti ka
Gusti, abdi nyanggakeun kurban anu parantos
diikrarkéun.

²⁶(22-27) Nu mariskin bakal dalahar nepi ka
sareubeuheun. Anu daratang ka PANGERAN
bakal maruji ka Mantenna. Mugia maranehna
makmur salalawasna!

²⁷(22-28) Kabeh bangsa bakal aringet ka
PANGERAN. Jalma-jalma ti unggal juru dunya

bakal tarobat ka Mantenna, sakabeh seler
bangsa bakal sarujud ka Mantenna.

²⁸(22-29) PANGERAN teh raja, ngereh
sakumna bangsa.

²⁹(22-30) Sakur nu aradigung bakal
marendek ka Mantenna; manusa pana kabeh
bakal sarujud di payuneuna-Na.

³⁰(22-31) Turunan nu engke datang bakal
ngarabdi ka Mantenna. Jalma-jalma bakal
nyarita hal PANGERAN ka turunanana.

³¹(22-32) Turunan nu bakal keneh,
bakal dicaritaan kieu, "PANGERAN geus
nyalametkeun umat-Na."

23 ¹Jabur Daud. PANGERAN teh Gusti
pangangon abdi, abdi moal kakirangan.

²Abdi diaubkeun di sampalan hejo
ngemploh, dicandak ka cai anu seger tur
leuleuy.

³Ku Mantenna dijagjagkeun deui, dipingpin
nyorang jalan nu bener, saluyu sareng
jangji-Na.

⁴Najan nyorang nu poek ngajumbleng,
abdi teu kedah sieun, nun PANGERAN, reh
Gusti nyarengan! Gada sareng teteken Gusti
ngaping ka abdi.

⁵Gusti nyayagikeun idangan keur abdi, di
hareupeun panon musuh-musuh; abdi ku
Gusti dipapag lir tamu kaajen, dipaparin
inuman sedep, gelasna mani leber.

⁶Abdi ngaraos kasaean sareng kanyaah
Gusti. Gusti nyarengan ka abdi saumur-umur

sarta gedong Gusti bakal jadi pamatuhan abdi
saumur hirup.

24 ¹Jabur Daud. Bumi katut saeusina,
alam katut nu nyicinganana, kabeh
kagungan PANGERAN.

²Eta ku Mantenna diadegkeun di luhureun
cai jero handapeun bumi pademenna
dipasang dina dasar sagara.

³Saha nu meunang unggah ka pasir
kagungan PANGERAN? Saha nu meunang
asup ka Bait-Na nu suci?

⁴Nu kaidinan teh sakur nu hade lampahna,
wening hatena, tara nyembah ka berhala,
cadu kana jangji palsu.

⁵Nu kitu baris diberkahan jeung
disalametkeun ku PANGERAN, dinyatakeun
taya dosana ku Allah.

⁶Nya jalma nu kitu nu ngadeuheus ka Allah
teh, datang marek ka hadirat Allah panutan
Yakub.

⁷Geura buka eta gapura-gapura, lawang-
lawang kahot teh polongo-polongokeun,
sabab Raja nu agung rek lebet.

⁸Saha eta Raja nu agung teh? PANGERAN,
anu digjaya sarta perkasa. PANGERAN, anu
jaya dina perang.

⁹Geura buka eta gapura-gapura, lawang-
lawang kahot teh polongo-polongokeun,
sabab Raja nu agung rek lebet.

¹⁰Saha eta Raja nu agung teh? PANGERAN
Nu Maha Ungkul. Mantenna Raja nu agung
teh.

25 ¹Jabur Daud. Ka Gusti, PANGERAN,
abdi ngadongkapkeun panyambat,
²ka Gusti abdi ngaharep, nun Allah panutan.
Tebihkeun abdi tina nandangan erana
kasoran, ulah dugi ka dipupuas ku musuh!

³Kasoran mah sanes bagian jalmi anu
ngarep ka Gusti, nanging bagian anu
ngaralawan ka Gusti.

⁴Tuduhkeun ka abdi jalan Gusti, nun
PANGERAN, sangkan abdi terang.

⁵Wurukan abdi hal hirup nurutkeun pangersa
Gusti, reh Gusti teh Allah anu nyalametkeun
abdi, abdi salamina ngaharep ka Gusti.

⁶Sing emut kana kasaean sareng satia
asih Gusti, nun PANGERAN, nu parantos
dipaparinkeun ku Gusti ti kapungkur keneh.

⁷Dosa sareng kalepatan abdi keur ngora
mugi dihapunten. Sing emut ka abdi, nun
PANGERAN, ku karana satia asih sareng
kasaean Gusti.

⁸Sabab PANGERAN teh saestu tur jembar
manah, kersa nuduhan jalan ka anu garaduh
dosa.

⁹Nu rarendah hate ku Mantenna dituyun
kana jalan bener, diwulang sina terang kana
pangersa-Na.

¹⁰Kalayan satia jeung asih Mantenna
nuyun ka nu nyarekel perjangjian jeung
timbalana-Na.

¹¹Mugi emut kana jangji, nun PANGERAN,
hapunten dosa-dosa abdi anu sakitu
seueurna.

¹²Sing saha anu ajrih ka PANGERAN,
ku Mantenna baris dibere nyaho jalan
sorangeunana.

¹³Maranehna salawasna bakal bagja
hirupna, anak incuna bakal ngabogaan tanah
pusaka.

¹⁴PANGERAN misobat ka anu nurut ka
Mantenna, perjangjiana-Na ka maranehna
bakal diteguhkeun.

¹⁵Kaula tetep melong ka PANGERAN, menta
pitulung-Na seug ku Mantenna diluputkeun
tina bahaya.

¹⁶Teuteup abdi, nun PANGERAN, sing
hawatos, abdi teh nya nunggelis nya hengker.

¹⁷Luputkeun abdi tina sagala karisi, jait tina
karurupek.

¹⁸Parios kaprihatinan sareng kasesah abdi,
hapunten sadaya dosa abdi.

¹⁹Tingali, musuh abdi sakitu seueurna
sareng sakitu ijideunana.

²⁰Tangtayungan abdi, tulungan, sangkan
ulah kasoran. Nya ka Gusti abdi neda
pitulung.

²¹ Mugia kabageuran sareng kajujuran abdi jadi jalan pisalameteun, ku margi ngaharep ka Gusti.

²² Nun Allah, mugi Israil dijait, leupas tina sagala kasangsaraanana.

26 ¹Jabur Daud. Nun PANGERAN, sebatkeun yen abdi teu salah, reh abdi teh migawe nu bener gembleng ngaharep ka Gusti.

²Mangga ku Gusti uji, mangga cobi, nun PANGERAN, pariksa kahayang sareng pipikiran abdi.

³Satia asih Gusti nungtun ka abdi, kasatiaan Gusti salamina mingpin abdi.

⁴Abdi tara babaturan sareng tukang tipu, tara campur sareng tukang munapek.

⁵Abdi cua ka para durjana, narah ngahiji sareng penjahat.

⁶Pikeun nawiskeun teu lepat, abdi kukumbah leungeun teras ngabakti ngurilingan altar Gusti, nun PANGERAN.

⁷ Abdi nyanggakeun pupujian pangucap sukur, sareng nyanggemkeun padamelan Gusti nu araheng.

⁸Nun PANGERAN, abdi nyaah ka gedong Gusti, panglinggihan Gusti anu pinuh ku kamulyaan.

⁹Abdi ulah dipaehan bareng sareng nu daroraka, ulah disanasibkeun sareng tukang-tukang maehan,

¹⁰anu lampahna ngan jahat bae, anu daraek bae nampa panyogok.

¹¹Dupi hirup abdi mah jujur, Gusti sing hawatos, abdi luputkeun.

¹²Kaula muji sukur ka PANGERAN di jero kumpulan umat-Na, rehna kaula geus aman tina sagala bahaya.

27 ¹Jabur Daud. PANGERAN teh cahaya jeung kasalametan kaula, kaula teu sieun ku saha-saha. PANGERAN ngaraksa tina sagala bahla, kaula taya karisi.

²Lamun nu jarahat narajang ka kaula, rek maehan, tangtu tisusut terus ngajungkel.

³Najan dikepung ku sakumna balad kaula moal rentag; najan musuh nyerang narajang, kaula tagen ngandel ka Allah.

⁴Kaula geus menta hiji hal ka PANGERAN, ngan sarupa kahayang teh, nya eta hirup saumur-umur di gedong PANGERAN hayang ngarasakeun kasaean Mantenna, sarta bisa nanyakeun pituduh-Na.

⁵Dina waktu keur pakewuh, tangtu ku Mantenna diauban, sangkan tetep aman di jero Bait-Na, sarta diangkat ka gunung karang anu luhur.

⁶Kaula jadi bisa ngelehkeun musuh anu ngepung. Bari surak, kaula arek ngurban di Bait-Na, sarta rek nyanyi, muji PANGERAN.

⁷Dangukeun panyambat abdi, nun PANGERAN! Sing hawatos, mugi kersa ngawaler!

⁸Upami saur Gusti, "Hiap ngabakti ka Kami," wangsul abdi tangtos, "Mangga, nun PANGERAN."

⁹Gusti ulah nyumput ti abdi! Gusti ulah ngabenduan, abdi ulah dugi ka ditolak. Gusti parantos nulung ka abdi, mugi ulah ngantunkeun, ulah nundung, nun Allah, jurusalamet abdi.

¹⁰Najan upami ku indung bapa ditundung, ku PANGERAN mah tangtu dipulasara.

¹¹Saurkeun, nun PANGERAN, kahoyong Gusti abdi kedah kumaha, tungtun abdi nyorang jalan anu pisalameteun, margi abdi teh seueur musuh.

¹²Abdi ulah diselehkeun ka musuh, anu nyerang ku jalan ngagogoreng sareng ku ancaman-ancaman.

¹³Kaula yakin yen bakal aya keneh umur, bakal ngarasakeun kaasih PANGERAN dina hirup ayeuna.

¹⁴Sing percaya ka PANGERAN, masing teger, masing pangger, sing percaya ka PANGERAN!

28¹Jabur Daud. Nun PANGERAN anu ngabela ka abdi, abdi sasambat ka Gusti, mugi dangukeun! Margi upami Gusti tetep teu kersa ngawaler, abdi teh moal beda ti nu geus dikubur.

²Mugi didangu upami abdi sasambat, nyuhunkeun pitulung, upami abdi nadahkeun leungeun ka Bait Gusti anu suci.

³Mugi abdi ulah dihukum sareng anu daroraka, sareng anu kalakuanana jarahat, jalmi-jalmi anu ucapna lumah-lameh nanging hatena pinuh ku dengki.

⁴Mugi kajahatan sareng kalakuan maranehna kitu teh dihukum. Hukum sagala paningkahna, satimpal sareng kajahatanana.

⁵Maranehna tara malire kana padamelan PANGERAN, kitu deui kana sagala anu ku Mantenna geus dipidamel. Maranehna ku Gusti tangtu dihukum, dimusnakeun salalawasna.

⁶Sagala puji sanggakeun ka PANGERAN, Mantenna kersa ngadangu panyambat panuhun kaula.

⁷PANGERAN anu ngabela jeung ngaraksa kaula, ka Mantenna kaula percaya. Mantenna nyukakeun kaula ku pitulung-Na, kaula pupujian, muji Mantenna.

⁸PANGERAN ngabela umat-Na, ngabela jeung ngaraksa raja kenging-Na milih.

⁹Jait umat Gusti, nun PANGERAN, sareng umat kagungan teh berkaahan. Sing sapertos pangangon, kersa ngajagi ka maranehna salalamina.

29¹Jabur Daud. He mahluk-mahluk sawarga, agungkeun PANGERAN, agungkeun kamulyaan jeung kakawasaana-Na.

²Mulyakeun jenengana-Na nu agung, kudu marendek di payuneun Nu Maha Suci, lamun Anjeunna sumping.

³Gentra PANGERAN kadenge di lautan, Allah nu langkung mulya gentra-Na gumuruh, soanten-Na handaruan minuhan sagara.

⁴Gentra PANGERAN kadenge, pinuh ku pangawasa, pinuh ku wibawa.

⁵Gentra PANGERAN ngaruntuhkeun tangkal-tangkal kiputri, malah ngarungkadkeun kiputri Libanon.

⁶Gunung Libanon ku Mantenna nepi ka ngajret siga anak sapi, Gunung Hermon ngajaul lir anak banteng.

⁷Gentra PANGERAN ngabijilkeun kilat anu nyamber,

⁸soanten-Na ngoyagkeun gurun keusik, ngendagkeun gurun Kades.

⁹Gentra PANGERAN ngoyagkeun tangkal-tangkal kiara, dangdaunan murubut, tangkalna mani purutul, tapi nu araya di Bait Allah mah ngagero, "Mulyakeun Allah!"

¹⁰PANGERAN murba ka sakabeh cai jero, jumeneng raja salalanggengna.

¹¹PANGERAN maparin kakuatan ka umat-Na, maparin berkah kasantosaan.

30¹(30-1) Jabur Daud. Lagu ngaresmikeun Bait Allah. (30-2)
Abdi muji, nun PANGERAN, reh Gusti parantos nyalametkeun abdi, diluputkeun tina perongan musuh.

²(30-3) Abdi nyambat pitulung Gusti,
nun PANGERAN Allah abdi, teras ku Gusti
diwaluyakeun,

³(30-4) diluputkeun ti jero kubur. Waktos
abdi nyoloyong ka nu nyublek jero, nyawa
abdi ku Gusti dipulihkeun.

⁴(30-5) Puji PANGERAN ku nyanyian, he
umat-Na nu saratia! Aringgetkeun padamelan
Nu Maha Suci, urang kudu nganuhunkeun ka
Mantenna.

⁵(30-6) Benduna PANGERAN ka urang
ngan sakeudeung, tapi kasaean-Na mah
saumur-umur. Reup peuting bijil cipanon,
bray beurang datang kabungah.

⁶(30-7) Kaula ngarasa senang, seug
ngomong sorangan, "Aing moal eleh."

⁷(30-8) Gusti parantos nulung ka abdi,
nun PANGERAN, ngajagi ka abdi lir benteng
di luhur gunung. Nanging salajengna Gusti
nyumput ti abdi, abdi kacida tagiwurna.

⁸(30-9) Abdi nyambat ka Gusti nyuhunkeun
ditulungan:

⁹(30-10) "Naon untungna ka Gusti upami
abdi paeh? Naon mangpaatna upami abdi
parantos dikubur? Barisaeun anu maraot
maruji ka Gusti? Barisaeun ngembarkeun
kasatiaan Gusti?

¹⁰(30-11) Sing hawatos, dangukeun abdi
nun PANGERAN! Tulungan abdi, nun Gusti!"

¹¹ (30-12) Kaprihatinan abdi ku Gusti parantos digentos ku kasukaan, kasedih parantos leungit, ayeuna kantun sukana.

¹² (30-13) Kitu margina abdi moal cicing, tapi bade nyanyi muji ka Gusti. Nun PANGERAN, Gusti teh Allah abdi, abdi muji sukur ka Gusti salalamina.

31 ¹(31-1) Pikeun pamingpin biduan.

Jabur Daud. (31-2) Abdi dongkap bade nyalindung, nun PANGERAN, bade nyuhunkeun ulah dugi ka eleh. Gusti teh Allah nu adil, mugi kersa nyalametkeun abdi.

²(31-3) Dangukeun! Enggal abdi tulungan! Sing kersa disalindungan, sing kersa dipuntangan. Salametkeun abdi.

³(31-4) Gusti teh benteng panyalindungan. Tuyun abdi, tungtun, sakumaha jangji Gusti.

⁴(31-5) Tebihkeun tina tataheunan musuh, tangtayungan tina pibahlaeun.

⁵(31-6) Abdi masrahkeun diri kana pangrawat Gusti. Gusti tangtos kersa nyalametkeun, Gusti teh Allah nu satia.

⁶(31-7) Gusti ijid ka nu nyembah ka brahala, ngan abdi mah percaya teh ka Gusti.

⁷(31-8) Tangtos abdi bingah, bagja ku kaasih Gusti Gusti tingali yen abdi teh sangsara, uninga yen abdi teh keur susah.

⁸(31-9) Gusti teu ngantep abdi beunang ku musuh, dibebaskeun, laluasa tiasa ka mana-mana.

⁹(31-10) Sing hawatos ka abdi nu kasesahan, nun PANGERAN, panon carindul balas ceurik awak parantos teu walakaya.

¹⁰(31-11) Tanaga koredas seep ku susah, umur jadi singget balas ceurik. Awak lungse dikurubut ku kasusah ka tulang-tulang jadi raropoh.

¹¹(31-12) Ku musuh, malah ku tatangga pisan pada ngahina. Nu warawuheun ge jadi sarieuneun, mun pareng naringal abdi di pasampangan, mani geuwat ngararejat.

¹²(31-13) Ngaranggapna ka abdi cara ka nu geus maot, abdi pada mopohokeun kawas barang anu parantos dipiceun.

¹³(31-14) Kakuping musuh-musuh abdi tinggerendeng, di mana-mana mung pikasieun bae. Maranehna baroga karep jahat bade maehan abdi.

¹⁴(31-15) Nanging abdi percaya ka Gusti, nun PANGERAN, Gusti teh Allah abdi.

¹⁵(31-16) Abdi salamina aya dina panalingaan Gusti, luputkeun abdi ti musuh-musuh, ti jalma-jalma anu ngarudag.

¹⁶(31-17) Sing hawatos ka abdi Gusti, mugi kersa mikaasih, kersa nyalametkeun abdi.

¹⁷(31-18) Mugi abdi ulah diantep diera-era. Kitu panyambat abdi, nun PANGERAN. Sawangsulna musuh anu kedah meunang era, sina rarepeh tarurun ka dunyana nu paraeh.

¹⁸(31-19) Sina baralem tukang-tukang bohong teh, nu sarombong, nu aradigung, purah ngahina jalma-jalma anu satemenna.

¹⁹(31-20) Estu araheng kasaean-kasaean Gusti, anu disayagikeun pikeun jalmi-jalmi anu alajrih ka Gusti! Sadayana ge tarerangeun kumaha saena Gusti teh, kumaha leres-leresna Gusti nangtayungan ka jalmi-jalmi anu maruntangan.

²⁰(31-21) Maranehna aman disumputkeun dina aub-aub Gusti, aman tina pangarah jalma-jalma jahat, ku Gusti disingkurkeun, tebih tina panghina musuh-musuhna.

²¹(31-22) Puji PANGERAN! Estu aheng asih-Na ka kaula waktu kaula keur dikepung jeung ditarajang ku musuh.

²²(31-23) Kaula geus sieun, sarta ceuk pikiran kaula teh geus diusir ti payuneuna-Na. Tapi geuning Mantenna kersaeun ngadangu waktu kaula nyambat pitulung-Na.

²³(31-24) Sing nyaraah ka PANGERAN, he sakabeh umat nu saratia! PANGERAN ngaraksa ka nu satuhu, tapi ngahukum ka nu arangkuh ku hukuman nu satimpal.

²⁴(31-25) Sing teguh, sing parengkuh hate, he sakur nu ngaharep ka PANGERAN!

32¹ Jabur Daud. Lagu atikan. Bagja jalma anu dihampura dosana, anu diampun kasalahana.

²Bagja jalma anu kadorakaanana ku
PANGERAN teu diasupkeun kana itungan, kitu
deui jalma anu tara nипу.

³Satungtung teu acan ngaku dosa, abdi
kasiksa ku ceurik sadinten jeput.

⁴Siang wengi ku Gusti dipeupeuhan, nun
PANGERAN, awak taya tangan pangawasa, lir
cireumis kaserot surya.

⁵Ti dinya abdi teh wakca, teu ngilungan deui
dosa. Sadaya kalepatan diangken, seug ku
Gusti dihapunten.

⁶Kitu margina dina waktos duka lara, umat
Gusti nu satia kedah neneda, supados dina
waktos caah kasusah datang maranehna teu
katarajang.

⁷Gusti teh tempat nyalindung. Mun abdi
kenging pakewuh, Gusti anu nulung. Abdi
surak muji unjuk nuhun, reh Gusti parantos
nyun.

⁸Timbalan PANGERAN, "Ieu Kami papatah,
keur pilampaheun maneh; Kami rek mere
piwuruk jeung nasehat.

⁹Ulah kawas kuda atawa bigal anu tuna
akal, sangkan nurut kudu ditalian jeung
dikadalian."

¹⁰Jalma jahat tangtu meunang mamala,
sabalikna anu ngandel ka PANGERAN, bakal
ditangtayungan ku satia asih-Na.

¹¹He jalma-jalma saleh, masing barungah,
masing suka ku padamelan PANGERAN! He nu

narurut ka Mantenna, geura surak tandaning suka.

33 ¹He jalma-jalma saleh, geura surak,
ciri bungah ku padamelan PANGERAN.

He nu narurut ka Mantenna, puji Mantenna.

²Kudu sukur ka PANGERAN make kacapi, pek nyaranyi keur Mantenna, make tatabeuhan kawat.

³Pujikeun lagu anyar, keur Mantenna, sing pinter ngacapina, pirig ku surak gumbira.

⁴Sabda PANGERAN teh saestu, sugri nu dipidamel-Na taya kuciwana.

⁵PANGERAN cinta kajujuran jeung kaadilan, dunya pinuh ku murah asih-Na.

⁶PANGERAN ngajadikeun langit ku pangandika-Na, panonpoe, bulan, bentang-bentang, jadina ku dawuhana-Na.

⁷Laut-laut ku Mantenna dihijikeun, disatempatkeun samudra ditahan sina ngabendung.

⁸Bakti PANGERAN, he jagat sakuliahna!
Hormat Mantenna, he pangeusi dunya!

⁹Waktu Mantenna ngandika, jleg dunya ngajadi; ku parentah Mantenna, jleg saniskara ngabukti.

¹⁰PANGERAN ngagagalkeun tarekah bangsa-bangsa, pakarepan maranehna kabeh jadi gaplah.

¹¹Ari tarekah PANGERAN mah tetep langgeng, tujuana-Na tetep sapanjang jaman.

¹² Bagja bangsa nu migusti ka Allah PANGERAN, bagja jalma anu ku Mantenna dijieun umat-Na.

¹³ PANGERAN ngawaskeun ti sawarga, nitenan sakumna umat manusa.

¹⁴ Ti tahta-Na, Mantenna neuteup nelek-nelek ka sakur nu kumelip di bumi.

¹⁵ Mantenna nu ngukir hate manusa, uninga ka sugri paripolahna.

¹⁶ Unggulna raja lain ku sabab kuat baladna, unggulna prajurit lain dumeh bedas tanagana.

¹⁷ Kuda perang moal matak unggul perang, najan gede tanagana, moal matak nyalametkeun.

¹⁸ PANGERAN nitenan ka nu nurut ka Mantenna, ka nu ngaharep kana satia asih-Na.

¹⁹ Maranehna tangtu diraksa tina baya pati, diraksa jeung dihirupan mangsa kalaparan.

²⁰ Urang kudu ngaharep ka PANGERAN; Mantenna teh panyalindungan jeung panulung urang.

²¹ Urang bungah ku karana Mantenna, sarta percaya kana jenengana-Na nu suci.

²² Nun PANGERAN, sarengan abdi sadaya ku satia asih Gusti, margi mung ka Gusti abdi-abdi nya muntang.

34 ¹(34-1) Jabur Daud, waktu pura-pura
owah hareupeun Abimelek nepi
ka diusir tuluy angkat. (34-2) Kaula seja

nganuhunkeun ka PANGERAN saban waktu,
moal eureun muji Mantenna.

²(34-3) Seja muji sugri padamelana-Na,
sina kadenge ku nu keur diteungteuinganan,
malar hatena lipur.

³(34-4) Hayu urang ngembarkeun
kaagungan PANGERAN, urang bareng muji
jenengana-Na!

⁴(34-5) Kaula sasambat ka PANGERAN, ku
Mantenna diwaler, dibebaskeun tina sagala
kasieun.

⁵(34-6) Nu dikaniaya ngaharep
ka PANGERAN, hatena jadi bungah
pangharepanana hamo gaplah.

⁶(34-7) Nu balangsak teh sasambat ka
Mantenna, seug dikabul, dibebaskeun tina
karupekanana.

⁷(34-8) Anu ajrih ka PANGERAN, dijaga ku
malaikat-Na, dijait tina bahaya.

⁸(34-9) Pek rarasakeun, kumaha saena
PANGERAN. Bagja jalma nu nyalindung ka
Mantenna.

⁹(34-10) Sing hormat ka PANGERAN, he
sakabeh umat-Na! Nu satuhu ka Mantenna
moal aya kakurang.

¹⁰(34-11) Singa aya kalana lapar teu
beubeunangan, tapi nu taat ka PANGERAN
mah, moal nyorang kakurangan.

¹¹(34-12) He para rumaja, ka darieu
regepkeun, Bapa rek papatah hal hormat ka
PANGERAN.

¹²(34-13) Maraneh harayang hirup senang?
Harayang panjang umur jeung hirup genah?
¹³(34-14) Ulah goreng ucap jeung ulah
bohong.

¹⁴(34-15) Jauhan kajahatan, lampahkeun
kahadean usahakeun karapihan sakuat
tanaga.

¹⁵(34-16) PANGERAN nitenan ka jalma
bener, tur ngadangukeun panyambatna,

¹⁶(34-17) tapi ka nu jarahat mah Mantenna
ngalawan anu matak nu jarahat mah lamun
geus maraot, gancang dipopohokeun.

¹⁷(34-18) Mun jalma bener nyambat ka
PANGERAN, ku Mantenna tangtu didangu,
jeung dijait tina kasusahna.

¹⁸(34-19) PANGERAN teh raket ka jalma
nu remuk hate nyalametkeun ka nu pegat
pangharepan.

¹⁹(34-20) Jalma bener memang loba
kasusahna, tapi pasti ku PANGERAN dijait tina
sakabeh karerepetna.

²⁰(34-21) Ku PANGERAN diraksa sagala-
galana, sahiji ge tulangna moal aya nu
potong.

²¹(34-22) Anu jahat mah tangtu paeh ku
kajahatanana, anu mikageuleuh ka nu bener,
pinasti dihukum.

²²(34-23) PANGERAN ngaraksa umat-
Na, nu nyalindung ka Mantenna pinasti
ditangtayungan.

35 ¹Jabur Daud. Nun PANGERAN, abdi panglawankeun nu ngaralawan, pangmerangankeun anu merangan.

²Anggo kepeng sareng baju beusi, pikeun nyalametkeun abdi.

³Lempagkeun tumbak, ayunkeun kampak, megatan nu ngarudag, pintonkeun yen Gusti bakal nulungan!

⁴Nu harayangeun maehan abdi teh elehkeun, hinakeun. Nu ngaralawan ka abdi teh undurkeun, bingungkeun.

⁵Sing kawas huut katiup angin, upama engke dibeberik ku malaikat PANGERAN,

⁶sing talag-tolog, sing solog santog, upama engke dicacar ku malaikat PANGERAN!

⁷Teu puguh-puguh maranehna naheunan kaula, jeung nyarieun lombang jero keur ngaringkus kaula.

⁸Tapi memeh maranehna engeuh, muga sing carilaka, sing beunang ku tataheunana sorangan, ragrag terus binasa.

⁹Tangtu kaula atoh ku karana PANGERAN, suka ati lantaran ku Mantenna disalametkeun.

¹⁰Kalawan hate anu gembleng kaula tangtu ngucap, "Saha nu ngungkulau Gusti, nun PANGERAN, nu ngajait nu lemah ti musuh nu leuwih rongkah, ngaluputkeun nu balangsak ti nu nyangsara?"

¹¹Kaula dituding ku saksi-saksi palsu, disangka nu lain-lain, anu kaula teu nyaho.

¹²Kahadean kaula dipulang ku kagorengan,
kaula geus samar polah samar rasa.

¹³Tapi waktu maranehna garering, kaula teh
nepi ka dibaju karung, dahar ge teu hayang,
bari mangnedakeun mani ngelukkeun sirah.

¹⁴Teu beda ti mangnedakeun nu jadi
sobat, atawa dulur pet ku hinis; ditarung ku
melang liwat saking, melang ibarat ka indung
sorangan.

¹⁵Tapi ari kaula meunang susah,
maranehna anggur barungah, tingrariung
ngageuhgeuykeun kaula, kaula dipoyok,
disiksa ku deungeun-deungeun.

¹⁶Maroyokanana mani kawas ka anu
lumpuh, bari tingparerong pinuh ku kaijid.

¹⁷Nun PANGERAN, sabaraha lamina deui
mung bade ningalikeun bae teh? Jait abdi tina
panarajang maranehna, salametkeun nyawa
abdi ti eta singa-singa!

¹⁸Tangtos ku abdi dinuhunkeun di hareupeun
umat Gusti, tangtos Gusti ku abdi dipuji di
hareupeun maranehna.

¹⁹Tong diantep musuh-musuh abdi,
tukang-tukang bohong, sarenang dumeh
abdi eleh. Eta nu ngarewaeun ka abdi teu
puguh-puguh teh tong diantep tinggelenyu
ningal abdi kabalangsak.

²⁰Ngaromongna bujeng-bujeng darehdeh,
kalah ka ngarancang rupi-rupi panipuan ka
jalmi-jalmi anu hirupna rarukun.

²¹ Maranehna naruding bari sosoak, "Hag ayeuna mah kaperegok kalakuan maraneh nu teu bener teh!"

²² Anging PANGERAN tangtos langkung tingali, mugi abdi ulah diantep nun Gusti; abdi mugi ulah dikantun tebih-tebih.

²³ Mugia Gusti enggal sumping, geusan ngabela hak abdi. Mugia enggal tandang, geusan ngabela perkara abdi.

²⁴ Gusti teh adil, nun PANGERAN, umumkeun yen abdi teu salah ulah dugi ka musuh abdi sarenang hate ku hal abdi.

²⁵ Ulah dugi ka hatena ngaromong, "Ayeuna urang bebas ti manehna! Memang kitu kahayang urang!"

²⁶ Sakur nu ngarasa senang ku kasangsaraan abdi, sina areleh, sina baringungeun. Sakur anu ngakukeun leuwih hade batan abdi, sina nandang wiwirang sareng kahinaan.

²⁷ Mugia sakur anu hayang sangkan abdi dibebaskeun, sing tiasa surak gumbira bari ngucapkeun deui, ngucapkeun deui, "Estu agung PANGERAN! Mantenna ngaraos suka lantaran abdi-Na rahayu."

²⁸ Upami kitu, kaadilan Gusti ku abdi tangtos dibewarakeun sarta muji ka Gusti sadinten jeput.

36 ¹(36-1) Pikeun pamingpin biduan. Ti Daud abdi PANGERAN. (36-2) Dosa teh ngomong di jero hate jelema jahat. Hate jelema doraka teu weleh kaangsonan

ku dosa, ka Allah teu sieun-sieun, Allah ku manehna ditoker.

²(36-3) Pangrasana dirina teh hebat, pamikirna dosana moal dihukum ku Allah, da Allah teu uningaeun.

³(36-4) Saucap-ucapna jahat, tipu malulu, tara pisan nyieun lampah hade jeung bijaksana.

⁴(36-5) Di enggon, bari ngedeng teh ngalamun kajahatan boro-boro nyieun kahadean, ngagugulukeun bae kadorakaan.

⁵(36-6) Nun PANGERAN, satia asih Gusti sundul ka langit, kasatiaan Gusti maratan mega.

⁶(36-7) Kaadilan Gusti lir gunung tanpa tutugan, adilna lir jerona jaladri. Manusa sareng margasatwa, ku Gusti diraksa diriksa.

⁷(36-8) Satia asih Gusti mulya luhur, nun Allah! Kalangkang jangjang Gusti, ngiuhan abdi sadaya.

⁸(36-9) Abdi-abdi sugema ku seueurna tedaen ti Gusti, sareng dipasihan nginum ti walungan asihing Gusti.

⁹(36-10) Gusti teh sumbering hirup sadaya mahluk, ku terangna cahaya Gusti, abdi bisa ningal caang.

¹⁰(36-11) Mugi langgeng mikaasih ka sakur nu terang ka Gusti langgeng midamel kasaean ka jalmi anu balener.

¹¹ (36-12) Nu aradigung teh sina ulah narajang ka abdi, eta nu jarahat teh ulah diantep ngusir abdi.

¹² (36-13) Tuh, nu jarahat teh geus tinggolepak, tingjaloprak moal harudang deui.

37 ¹Ti Daud. Ulah salempang ku lampah jalma jahat, ulah kabita ku talajak jalma goreng.

²Nu kararitu lir jukut garing kahalodoan, ibarat dangdaunan alum ngajadi kalakay.

³Sing percaya ka PANGERAN, lampahkeun nu hade pek cicing di lemah cai, sing tengtrem.

⁴Teangan kabagjaan di PANGERAN, angen-angen maneh ku Mantenna baris dicumponan.

⁵Pasrahkeun hirup ka PANGERAN, puntangan piwelas-Na, tangtu nulungan,

⁶lampah bener maneh ku Mantenna bakal disina atra lir panonpoe wanci manceran.

⁷Masing sabar ngadago polah PANGERAN, ulah dengki mun nenjo batur mukti, sarta rarancang jahatna ngajadi.

⁸Ulah ambek atawa panas hate, sabab ngan matak susah bae.

⁹Nu muntang ka PANGERAN baris ngamilik tanah, sabalikna nu jarahat tangtu ku Mantenna ditundung.

¹⁰Nu jarahat bakal gancang musna, barang diteang geus teu araya.

¹¹ Demi anu sarareh budi, tangtu bakal kawaris tanah, hirupna senang ngahenang-
ngahening.

¹² Anu jahat ngamusuh ka anu bener, mani delek-delek bakat ku ngewa.

¹³ Tapi ku PANGERAN mah eta teh digumujengkeun, da geus kauninga yen geus tereh ditumpurkeun.

¹⁴ Jalma jahat matek pedang, mentang jamparing, rek mergasa nu balangsak, nu walurat, rek ngabinasa ka nu balener lampahna.

¹⁵ Tapi maranehna bakal paraeh ku pedangna sorangan, gondewa-gondewana paringges.

¹⁶ Najan saeutik, rejeki jalma bener mah leuwih maslahat, batan kakayaan tina ladang kajahatan;

¹⁷ sabab kakuatan jalma jahat ku PANGERAN bakal dipinggeskeun, ari mungguh jalma bener ku Mantenna tangtu dideudeul.

¹⁸ Hirupna jalma ibadah ku PANGERAN diraksa diriksa, sarta tanah milikna tangtu kapiboga salalawasna.

¹⁹ Dina musim werit hamo nepi ka walurat, dina usum tigerat hamo nepi ka kurat-karet.

²⁰ Sabalikna nu jarahat pasti paraeh, musuh PANGERAN bakal musna cara kembang tegal, ilang musna cara haseup.

²¹ Jalma jahat ana nginjeum tara mulangkeun, sabalikna jalma bener mah karunyaan jeung berehan.

²² Nu diberkahan ku PANGERAN tangtu bakal ngamilik tanah, sabalikna nu ku Mantenna disapa, tangtu baris disingkahkeun.

²³ PANGERAN nungtun hirup jalma di jalan sorangeunana, nangtayungan ka sakur anu kamanah ku Mantenna.

²⁴ Lamun maranehna labuh, moal ngudupung bae, sabab tangtu ku PANGERAN dihudangkeun deui.

²⁵ Ti ngongora tepi ka kolot kieu, acan kungsi kaula nenjo jalma bener diantep ku PANGERAN, nepi ka anak incuna kapaksa jajaluk menta dahareun.

²⁶ Malah sabalikna anggur barisa mere maweh, tutulung ka nu barutuh, turta anak incuna ngajadi berkah.

²⁷ Ku kituna nu goreng kudu disinglar, nu hade hempek lampahkeun, malar turunan bisa matuh tengtrem-tingtrim salalawasna.

²⁸ Sabab PANGERAN asih ka sakur jalma bener, umat nu satia ku Mantenna hamo ditilar, nu saratia tangtu diraksa salalawasna, sabalikna turunan jalma jahat mah tangtu ditundung.

²⁹ Nu balener bakal kawaris tanah pusaka, tur matuhna di dinya moal incah balilahan.

³⁰ Jelema bener nyaritana wijaksana, satincak-tincakna jujur satarabasna.

³¹ Hatena kaancikan timbalan PANGERAN, rengkak polahna hamo ingkar ti dinya.

³²Anu jahat gawena ngintip-ngintip ka nu bener, neangan jalan hayang maehan.

³³Tapi karepna kitu teh moal bisa, sabab teu kawidian ku PANGERAN. Sanajan jalma bener nepi ka kudu jagrag ka pangadilan, PANGERAN hamo ngantep nepi ka manehna meunang hukuman.

³⁴Masing ngaharep ka PANGERAN, mangka tumut kana timbalana-Na, tangtu ku PANGERAN dikuatkeun geusan bisa miboga tanah pusaka, sarta maneh baris puas hate nenjo nu jarahat dibuburak.

³⁵Kungsi kaula nenjo aya jalma jahat jeung lalim, hirupna subur makmur jeg tangkal kiputri di Libanon;

³⁶tapi barang diilik deui, geus euweuh, diteangan weleh teu kapanggih.

³⁷Pek bandungan nu ibadah, nu bener, jalma resep rapih mah turunanana ge tangtu rendey.

³⁸Sabalikna nu boga dosa tangtu diancurkeun, sarta turunanana tangtu disingkirkeun.

³⁹Jalma bener ku PANGERAN disalametkeun, diraksa dina mangsa meunang tunggara.

⁴⁰Ku PANGERAN ditulungan, dirahayukeun, diluputkeun ti nu jarahat lantaran nyalindung ka Mantenna.

38¹(38-1) Jabur Daud, waktu nyanggakeun kurban pangeling-eling.

(38-2) Nun PANGERAN, sanaos bendu ge Gusti ulah dugi ka ngahukum ka abdi.

²(38-3) Abdi raraheut disabetañ ku jamparing Gusti, nepi ka ngarumpuyuk.

³(38-4) Ku amarah Gusti, abdi nandangan kanyeri ku tina dosa sorangan, sakujur awak teu aya anu walagri.

⁴(38-5) Abdi titeuleum dina caahna dosa sorangan, anu nindihna kacida abotna.

⁵(38-6) Lantaran tina kabodoan sorangan, raheut abdi jadi borok pinuh ku nanah.

⁶(38-7) Abdi dibengkungkeun, digencet, sadidinten humaregung.

⁷(38-8) Awak direrab ku muriang, parantos sahoseun maot.

⁸(38-9) Parantos payah, ajur sama sakali, hate nalangsa, bati humaregung gegerungan.

⁹(38-10) Nun PANGERAN, Gusti uninga ka anu diharep ku abdi harurung abdi ku Gusti tangtos kadangu.

¹⁰(38-11) Hate ratug keketegan, tanaga leungit pisan, panon surem teu cahyaan.

¹¹(38-12) Sobat sareng tatangga arembungeun deukeut dumeh abdi rujit ku kasakit, malah kadang warga ge narebihan.

¹²(38-13) Nu harayangeun maehan abdi marasang jiretna, nu harayangeun nyilikakeun, ngati-ngati bade numpes; maranehna teu eureun-eureun sapongkol ngarah ka abdi.

¹³(38-14) Nanging abdi lir anu torek, anu teu tiasa ngareungeu, lir anu pireu, anu teu tiasa ngomong.

¹⁴(38-15) Abdi lir jalma anu teu tiasa ngabantah lantaran teu tiasaeun ngareungeu.

¹⁵(38-16) Nanging abdi percaya ka Gusti, nun PANGERAN, yen Gusti tangtos kersa ngawaler ka abdi, nun PANGERAN, Allah abdi!

¹⁶(38-17) Ulah dugi ka musuh ngarasa senang dumeh abdi susah, ulah dugi ka maranehna garumede dumeh abdi ambrug.

¹⁷(38-18) Abdi parantos meh rubuh, kanyeri teu aya kendatna.

¹⁸(38-19) Abdi ngangken dosa-dosa, dosa anu ngalantarankeun hate paur.

¹⁹(38-20) Musuh-musuh abdi jaragjag sareng baredas, seueur anu ngarewaeun ka abdi teu puguh-puguh.

²⁰(38-21) Jalma-jalma anu ngabales kahadean ku kajahatan, ngamusuh ka abdi, dumeh abdi usaha milampah bener.

²¹(38-22) Abdi ulah dikantun, nun PANGERAN, ulah tebih ti abdi, nun Allah panutan.

²²(38-23) Enggal abdi tulungan, ayeuna, nun PANGERAN jurusalamet abdi!

39¹(39-1) Pikeun pamingpin biduan.
Pikeun Yedutun. Jabur Daud. (39-2)
Ceuk pikiran, "Aing arek ati-ati ngajaga lampah, jeung ngajaga letah sangkan ulah

matak dosa, salila nu jarahat teh dareukeut,
aing moal ngomong naon-naon."

²(39-3) Tuluy kaula bungkem, teu kecet-kecet, teu ngomongkeun nu hade-hade acan!
Tapi bet asa tambah kasiksa,

³(39-4) jadi kakungkung ku rasa tagiwur.
Beuki dipikiran, hate beuki susah, tungtungna
sungut teh bedah,

⁴(39-5) "Nun PANGERAN, sakumaha deui
hirup abdi teh? Iraha abdi kedah maot teh?
Wartoskeun, kantun sakumaha deui umur
abdi teh?"

⁵(39-6) Ku pondok Gusti nangtoskeun umur
abdi teh! Keur Gusti mah jangka hirup abdi
taya hartosna. Tetela hirup manusa mah
mung sarenghap ambekan,

⁶(39-7) teu leuwih ti kalangkang.
Pagaweanana kabeh mubadir, ngumpulkeun
kakayaan, tapi teu terang engke keur saha.

⁷(39-8) Naon deui atuh arep-arepeun abdi,
nun PANGERAN? Nya ka Gusti abdi ngaharep.

⁸(39-9) Luputkeun abdi tina sadaya dosa,
sareng ulah diantep dilece ku nu garejul.

⁹(39-10) Abdi rek ngabisu, moal kecet-kecet,
da Gusti ku anjeun nu nyangsara kieu
ka abdi teh.

¹⁰(39-11) Parantos atuh ngahukum teh!
Abdi meh paeh ku panyiksa Gusti.

¹¹(39-12) Ku karana dosana, jalmi ku Gusti
dihukum, dihajar. Gusti ngahukum lir geget
ngaruksak barang kanyaah anu gaduhna.

Tetela hirup manusa mung sareng hap ambekan.

¹²(39-13) Dangu paneda abdi, nun PANGERAN, dangu jerit abdi, ari abdi ceurik teh sumpingan. Sami sareng sadaya karuhun, abdi oge numpang di Gusti mung sakedap.

¹³(39-14) Parantos, abdi kantunkeun, hoyong rada senang heula memeh teu aya sareng moal aya-aya deui.

40¹(40-1) Pikeun pamingpin biduan.

Jabur Daud. (40-2) Kaula sabar ngadago pitulung PANGERAN, ku Mantenna dipirosea, panyambat kaula dikabul.

²(40-3) Kaula ku Mantenna dibedol tina liang bahaya dihanjatkeun tina embel keusik, diteundeun dina hiji batu karang, kaula jadi aman jeung teteg.

³(40-4) Kaula ku Mantenna diajar hiji lagu anyar, pupujian paranti ngamulyakeun Allah urang. Loba anu narenjoeun hal ieu, keun sina kapikireun, sina ngarandel ka PANGERAN.

⁴(40-5) Jamuga jalma anu muntang ka PANGERAN, anu henteu nyarembah ka arca-arca, anu teu marilu ngabakti ka allah-allah palsu.

⁵(40-6) Kalintang seueurna nu ku Gusti dipidamel pikeun abdi-abdi, nun PANGERAN, Allah abdi sadaya. Teu aya deui nu sapertos Gusti! Gusti parantos seueur midamel nu araheng ku karana abdi-abdi. Abdi parantos

teu tiasa nyebatkeun bilanganana, ku seueur-seueurna.

⁶(40-7) Gusti henteu hoyong dikurbanan atanapi disasajenan, henteu mundut kurban sasatoan anu dibeuleum dina altar henteu mundut kurban pamupus dosa. Sawangsulna ka abdi maparin ceuli sangkan ngupingkeun soanten Gusti.

⁷(40-8) Seug abdi teh ngawangsul, "Ieu abdi! Timbalan Gusti ka abdi aya dina kitab Hukum.

⁸(40-9) Kacida resepna abdi ngalampahkeun pangersa Gusti, nun Allah, piwulang Gusti ngancik dina sanubari."

⁹(40-10) Dina pakempelan umat Gusti, nun PANGERAN, abdi ngawartoskeun warta gumbira, yen Gusti parantos nyalametkeun abdi sadaya. Gusti uninga, abdi nyaritakeun hal eta teh teu eureun-eureun.

¹⁰(40-11) Perkawis abdi parantos salamet ku abdi henteu disidem. Eta pitulung sareng kasatiaan Gusti haben bae diwartos-wartoskeun. Dina pakempelan umat Gusti, abdi teu tiasa balem, kedah bae nyanggemkeun kaweningan galih sareng satia asih Gusti.

¹¹(40-12) Abdi terang nun PANGERAN, Gusti moal kendat mikarunya ka abdi. Kaasih sareng kasatiaan Gusti teh salamina nyalametkeun bae ka abdi.

¹²(40-13) Abdi dilingkung ku balai sakitu seueurna, parantos teu kaetang ku seueur-seueurna! Abdi dikurubut ku dosa sorangan, ningalna ge parantos teu kaduga, langkung seueur manan buuk dina sirah, ahirna abdi teh pegat harepan.

¹³(40-14) Nun PANGERAN, jait abdi teh, tulungan ayeuna keneh!

¹⁴(40-15) Sing areleh, sing baringungeun eta anu rek maraehan ka abdi teh! Sing alundur, sing areraeun eta anu keur jaligraph ku kasangsaraan abdi teh!

¹⁵(40-16) Sing rusuh tagiwur dumeh eleh, eta anu nyaleungseurikeun abdi teh!

¹⁶(40-17) Dupi anu nyarambat ka Gusti mah, mugi ginanjar kabingahan sareng maruji ka Gusti; anu ngarep-ngarep kana kasalametan ti Gusti, sing ulah kendat-kendat ngucap, "Maha Agung PANGERAN!"

¹⁷(40-18) Abdi balangsak sareng walurat, nun PANGERAN, nanging Gusti teu lali ka abdi. Gusti teh panulung abdi, Allah abdi, enggal abdi jait!

41 ¹(41-1) Pikeun pamingpin biduan.

Jabur Daud. (41-2) Bagja jalma nu sok tatalang ka nu walurat, mun meunang papait tangtu ku PANGERAN dijait.

²(41-3) Hirupna ku PANGERAN diraksa, diriksa, tengtrem matuh di tanahna, moal diantep beunang ku musuhna,

³(41-4) Ana gering, ku PANGERAN tangtu dilayad, dipulihkeun deui kasehatanana.

⁴(41-5) Ceuk kaula, "Nun PANGERAN, abdi teh rumaos dosa, nyuhunkeun piwelas, hoyong cageur."

⁵(41-6) Musuh rame ngawon-ngawonkeun abdi, ngadoakeun maot, ngadoakeun sing tereh kapopohokeun.

⁶(41-7) Rajeun ngaralayad mung dapon bae, sareng ngumpulkeun wartos-wartos awon hal abdi, seug diuar-uar ka mana-mana.

⁷(41-8) Anu ngarewaeun teh tingharewos, ngira-ngirakeun hal anu pang awonna hal abdi.

⁸(41-9) Aromongna, "Geringna ripuh pisan, geus moal hudang deui ti enggon."

⁹(41-10) Malah sobat dalit ge, sobat sarasiah, sobat sahakan sainum, malik miceun.

¹⁰(41-11) Nun PANGERAN, sing hawatos, abdi cageurkeun, hoyong mulangkeun kanyeri ka musuh.

¹¹(41-12) Upami maranehna teu barisaeun ngelehkeun abdi, nembe abdi bakal leres-leres terang yen Gusti nyaah ka abdi.

¹²(41-13) Gusti tangtos nulungan, da kalakuan abdi teh bener; Gusti tangtos nampi abdi hirup di payuneun, salalamina.

¹³(41-14) Puji PANGERAN, Allahna Israil! Ayeuna, terus salalanggengna! Amin! Amin!

42¹ (42-1) Pikeun pamingpin biduan.
42 Lagu atikan ti golongan Korah. (42-2)
 Lir uncal kangen kana cai tiis di susukan, nya
 kitu abdi kangen ka Gusti, nun Allah!

² (42-3) Kitu hanaangna hate abdi ka Gusti,
 Allah nu jumeneng. Iraha abdi kedah indit
 ngabakti, marek ka Gusti?

³ (42-4) Beurang peuting abdi ceurik,
 tedaen ge mung cipanon; musuh hantem
 bae nyalindiran, "Mana Allah maneh teh?"

⁴ (42-5) Ari ras ka alam ka tukang, hate mani
 ngarakacak inget bareto sok milu ngaleut ka
 gedong Allah, ngapalaan aleutan jalma rea,
 anu galumbira, nyaranyi, maruji ka Allah.

⁵ (42-6) Ku naon kaula sakieu nalangsana?
 Ku naon sakieu sedihna? Kaula neundeun
 harepan ka Allah, jeung sakali deui rek muji
 ka Mantenna, jurusalamet jeung Allah kaula.

⁶ (42-7) (42: 6-7) Di dieu, di pangbuangan,
 hate kaula ajur seug nginget-ningget deui
 Mantenna. Sukma kaula ku Mantenna
 diteunggar ku ombak kasedih, diamuk ku
 caah kalang kabut, ngaguruh sada curug
 ngagurujug ka Walungan Yordan, ti Gunung
 Hermon jeung Gunung Misar.

⁷ (42: 6)

⁸ (42-9) Muga ti beurang PANGERAN
 nembongkeun satia asih-Na, supaya
 peutingna kaula bisa nyanyi, jeung neneda ka
 Allah sumber hirup kaula.

⁹(42-10) Kaula unjukan ka Allah, nu jadi pananggeuhan, "Ku naon Gusti tega ka abdi? Ku naon abdi kedah sangsara, kedah dikaniaya ku musuh?"

¹⁰(42-11) Hate kaula nyelekit ngadenge panghina maranehna, anu teu eureun-eureun nyindiran, "Mana Allah maneh teh?"

¹¹(42-12) Ku naon kaula sakieu nalangsana? Ku naon sakieu sedihna? Kaula neundeun harepan ka Allah, jeung sakali deui rek muji ka Mantenna, jurusalamet jeung Allah kaula.

43 ¹Nun Allah, saurkeun yen abdi teu gaduh kalepatan, belaan perkawis abdi ti eta nu daroraka, luputkeun abdi ti jalmi-jalmi palsu tur jarahat!

²Gusti teh panyalindungan abdi, ku naon margina tega? Ku naon abdi kedah sangsara, kedah dikaniaya ku musuh?

³Sumiratkeun cahaya sareng kayaktian Gusti, sina nungtun ka abdi, sina mulangkeun abdi ka Sion, gunung Gusti nu suci, ka Bait Allah panglinggihan Gusti.

⁴Tangtos abdi dongkap ka altar Gusti, nun Allah; Gusti teh sumber kabagjaan abdi. Abdi seja ngacapi sareng nyanyi muji ka Gusti, nun Allah, Allah abdi!

⁵Ku naon kaula sakieu nalangsana? Ku naon nepi ka sakieu sedihna? Kaula neundeun harepan ka Allah, jeung sakali deui rek muji ka Mantenna, jurusalamet jeung Allah kaula.

44¹ (44-1) Pikeun pamingpin biduan.
Jabur golongan Korah. Lagu atikan.
 (44-2) Nun Allah, abdi-abdi nguping pribadi
 perkawis eta, anu dicariosan ku karuhun;
 hal karya-karya Gusti anu rongkah jaman
 aranjeunna, jaman baheula.

² (44-3) Kumaha peta Gusti ngusiran bangsa-
 bangsa tuna Allah, sareng merenahkeun umat
 Gusti di nagri-nagri maranehna; kumaha
 peta Gusti ngahukum bangsa-bangsa sanes
 sareng ngajembarkeun umat Gusti.

³ (44-4) Karuhun abdi-abdi tiasa ngarebut
 tanah musuh, sanes ku pedangna sorangan.
 Unggulna sanes ku kakuatan sorangan,
 nanging ku kakawasaan sareng kadigjayaan
 Gusti, ku margi Gusti nyarengan ka
 aranjeunna, tawis yen Gusti asih ka
 aranjeunna.

⁴ (44-5) Gusti teh raja abdi sareng Allah
 abdi, nu maparin kaunggulan ka umat Gusti.

⁵ (44-6) Ku kakawasaan Gusti abdi tiasa
 ngarubuhkeun musuh, ku margi disarengan
 ku Gusti abdi-abdi tiasa ngidek-ngidek lawan.

⁶ (44-7) Pikeun nyalametkeun diri abdi
 teu ngandelkeun gondewa sareng pedang
 sorangan;

⁷ (44-8) nya Gusti nu ngajait abdi-abdi ti
 musuh, anu ngelehkeun pihak anu arijideun
 ka abdi-abdi.

⁸ (44-9) Abdi sadaya moal petot-petot muji
 sareng ngucap sukur ka Gusti sapapaosna.

⁹(44-10) Nanging ayeuna abdi-abdi dipiceun, disina eleh, Gusti henteu kersa nyarengan deui ka wadyabalad,

¹⁰(44-11) dugi ka abdi-abdi undur kabur ti musuh, babandaan dicokotan ku maranehna.

¹¹(44-12) Abdi-abdi ku Gusti diantep sina dijagal sapertos domba, disina paburencay ka nagara deungeun.

¹²(44-13) Umat ku anjeun ku Gusti dijual murah, sapertos barang kurang pangaji.

¹³(44-14) Tatangga anu naringal abdi-abdi ku Gusti didamel kitu; maroyok sareng nyaleungseurikeun.

¹⁴(44-15) Abdi-abdi ku Gusti didamel bahan gogonjakan bangsa-bangsa, maranehna garogodeg ngahina.

¹⁵(44-16) Unggal-unggal dinten abdi dihina; kacida erana

¹⁶(44-17) nguping pamoyok sareng panghina ti nu ngamusuh sareng mikangewa.

¹⁷(44-18) Ieu sadayana anu karandapan ku abdi-abdi, padahal abdi-abdi teu hilap ka Gusti, sareng teu ingkar tina perjangjian antawis Gusti sareng abdi-abdi.

¹⁸(44-19) Abdi-abdi teu kantos hianat ka Gusti, teu kantos mengpar tina timbalan Gusti.

¹⁹(44-20) Nanging abdi-abdi ku Gusti dikantun teu aya daya di tengah sato-sato galak, dikantun di nu poek mongkleng.

²⁰(44-21) Upami leres abdi-abdi henteu nyembah deui ka Allah pribadi nanging ngadoa ka nu sanesna,

²¹(44-22) tangtos ku Gusti kauninga, da Gusti mah awas kana pikiran abdi-abdi najan buni.

²²(44-23) Nya ku karana Gusti, abdi-abdi kaancam pati saban-saban wanci, dipidamel sapertos domba peunciteun.

²³(44-24) Nun PANGERAN, enggal tanghi! Ku naon kulem? Enggal sumping, ulah tega kateterasan!

²⁴(44-25) Ku naon nyumput ti abdi sadaya? Ulah lali kana kabalangsakan sareng karupek abdi-abdi!

²⁵(44-26) Abdi-abdi ambrug ajur dina taneuh, kasoran ngajaloprak dina lebu.

²⁶(44-27) Enggal sumping, tulungan abdi sadaya, salametkeun, demi satia asih Gusti.

45¹(45-1) Jabur golongan Korah. Lagu kaasih. Pikeun pamingpin biduan. Nurutkeun lagu: Kembang bakung. (45-2) Kecap-kecap nu arendah minuhan hate, waktu kaula ngadangding ieu lagu pikeun raja. Lir penah hiji bujangga ahli, letah kaula seja ngucapkeun sair.

²(45-3) Di antawis manusa, Jeng Raja pangkasepna, tur perceka ahli sasauran, salamina dihujanan berkah ku Allah.

³(45-4) Soren pedang Gusti, nun raja digjaya, Gusti agung sareng mulya.

⁴ (45-5) Majeng, cangking kaagungan,
rebut kaunggulan, geusan ngabela kayaktian
sareng kaadilan! Kadigjayaan Gusti baris
ngarebut kaunggulan rongkah.

⁵ (45-6) Jamparing Gusti sareukeut,
narancleb kana jajantung musuh, raja-raja
baris ngudupruk kana sampean Gusti.

⁶ (45-7) Karajaan Gusti paparin ti Allah,
bakal langgeng nanjeur, Gusti baris ngereh
kalayan adil.

⁷ (45-8) Gusti cinta kaadilan, cua kana
kajahatan, kitu purwana Allah, Allah
jungjunan Gusti parantos milih Gusti, sareng
maparin kabagjaan langkung ti ka raja-raja
sanies.

⁸ (45-9) Panganggo Gusti seungit emur,
gaharu sareng candana, di lebet malige
gading Gusti dibeberah ku tatabeuhan.

⁹ (45-10) Di antawis para istri di karaton
Gusti, seueur putri-putri raja, prameswari
ngagedeng ti palih tengen, obroy ku perhiasan
emas tulen.

¹⁰ (45-11) Nun Putri panganten raja,
dangukeun pihatur abdi bangsa sareng
wargi-wargi Jeng Putri lalikeun bae.

¹¹ (45-12) Kageulisan Jeng Putri matak sono
kangjeng raja. Anjeunna teh panutan Jeng
Putri, Jeng Putri kedah anut ka anjeunna.

¹² (45-13) Urang Tirus bakal ngabuntun
hadiah ka Jeng Putri, nu baleunghar bakal
alihtiar ngalap manah Jeng Putri.

¹³(45-14) Putri aya di jero puri, geulisna kawanti-wanti, nganggo sinjang songket emas.

¹⁴(45-15) Beunang dangdos ku anggoan warna-warni, putri dijajap ka raja, diiring ku para mojang pangaping, maranehna ge dijajap ka raja.

¹⁵(45-16) Marahmay jeung suka bungah, aleutan sang putri rawuh, lebet ka kadaton.

¹⁶(45-17) Nun Raja abdi, Gusti bakal seueur putra, bakal jaradi raja ngagentos luluhur Gusti, ku Gusti dijaradikeun pangereh sakuliah jagat.

¹⁷(45-18) Ieu lagu abdi baris tetep ngawangikeun kamashuran Gusti, saban jalmi bakal ngagungkeun Gusti sapanjang jaman.

46¹(46-1) Pikeun pamingpin biduan.

Jabur golongan Korah. Make lagu Alamot. (46-2) Allah teh benteng jeung kakuatan urang, anu salawasna nulung dina pakewuh.

²(46-3) Ulah rentag najan jagat oyag sarta gunung-gunung rugrug ka laut,

³(46-4) sanajan lautan motah tingjalegur nginggeungkeun gunung-gunung.

⁴(46-5) Tuh aya walungan, mawa hegar nyeboran ka Kota Allah, ka gedong suci, panglinggihan Nu Maha Agung.

⁵(46-6) Allah aya linggih di dinya, eta kota moal kagempur, sabab ti barang pajar meletek geus diraksa ku Allah.

⁶(46-7) Allah ngagenta ngagulugur,
bumi ajur, bangsa-bangsa tagiwur,
karajaan-karajaan ngarenjag.

⁷(46-8) PANGERAN Nu Maha Kawasa
nyarengan ka urang, Allahna Yakub
panyalindungan urang.

⁸(46-9) Hiap saksian, naon anu geus
dipidamel ku PANGERAN. Tenjo, kumaha
ahengna dadamelana-Na di bumi.

⁹(46-10) Mantenna ngeureunkeun
peperangan di sakuliah jagat, gondewa-
gondewa diririkes, tumbak-tumbak
dipingges-pinggeskeun, tameng-tameng
diduruk.

¹⁰(46-11) "Eureun tarung!" timbalana-Na,
"mangka nyaho, ieu Kami, Allah anu punjur ti
sakabeh bangsa, anu punjur di sajagat."

¹¹(46-12) PANGERAN Nu Maha Kawasa
nyarengan ka urang, Allahna Yakub
panyalindungan urang.

47 ¹(47-1) Pikeun pamingpin biduan.
Jabur golongan Korah. (47-2) He
sakumna umat, geura keprok sing rame!
Paruji Allah ku lalaguan sing tarik!

²(47-3) PANGERAN Nu Maha Agung, wajib
dipikaserab; Mantenna raja agung, ngasta
sakuliah jagat.

³(47-4) Urang ku Mantenna disina
ngungkulon bangsa-bangsa, urang disina
ngawasaan bangsa-bangsa.

⁴(47-5) Ku Mantenna dipangmilihkeun tempat pamatuhan, tanah kareueus bangsa nu diasih ku Mantenna.

⁵(47-6) Allah parantos mancat kana tahta-Na, dipirig ku surak jeung sora tarompet.

⁶(47-7) Nyanyikeun pujian ka Allah, nyanyikeun pujian ka raja urang!

⁷(47-8) Sabab Allah teh raja sajagat buana, puji ku lalaguan!

⁸(47-9) Allah ngabawah bangsa-bangsa, lumenggah dina tahta-Na nu suci.

⁹(47-10) Para pamingpin bangsa karumpul ngahiji jeung umat Allahna Ibrahim. Allah teh punjur ti sakabeh kakuatan, marentahna pinunjul.

48¹Jabur golongan Korah. Maha agung PANGERAN, pohara kudu dimulyakeunana di kota Allah urang, di gunung-Na anu suci.

²Sion, gunungna Allah, luhur jeung endah, kotana Raja Agung, anu nyukakeun sakuliah jagat.

³Allah geus netelakeun, yen di jero benteng eta kota, Mantenna aman santosa.

⁴Raja-raja ngahiji, daratang ngajorag, rek narajang Gunung Sion.

⁵Tapi barang eta geus katarenjoeun, maranehna ngajarenhok, tuluy lalumpatan sarieuneun.

⁶Leungit pangacianana, sarta katarajang
paur kawas awewe rek ngajuru,

⁷Iir kapal dibuntang-banting ku angin ribut.

⁸Urang geus ngadenge anu geus dipidamel
ku Allah. Ayeuna urang nenjo buktina di kota
Allah urang, PANGERAN Nu Maha Kawasa.
Ieu kota ku Mantenna disina reugreug
salalanggengna.

⁹Di lebet Bait Gusti, nun Allah, abdi sadaya
ngemut-ngemut satia asih Gusti.

¹⁰Di mana-mana, jalmi-jalmi maruji ka
Gusti. Kamashuran Gusti kawentar ka saalam
dunya. Gusti marentah kalawan adil,

¹¹urang Sion barungah! Gusti parantos
nerapkeun hukum adil, kota-kota di Yuda
garerah.

¹²He umat Allah, puteran Sion sakurilingna,
itung munarana,

¹³Ilikan tembok-tembokna, tengetan
benteng-bentengna, ambeh jaga bisa nyarita
kieu ka turunan:

¹⁴"Allah teh Allah urang salalanggengna.
Mantenna baris nuyun urang taya kendatna."

49¹(49-1) Pikeun pamingpin biduan.

49²(49-2) Jabur golongan Korah. He
jalma-jalma, reungeukeun, he saeus i dunya,
regepkeun,

²(49-3) nu hina, nu mulya, nu beunghar, nu
miskin, kum.

³(49-4) Kaula dek medar ciptaning ati, ucap
hikmah bijaksana.

⁴(49-5) Kaula rek museurkeun pikiran kana sasmita, sarta nerangkeun hartina bari ngacapi.

⁵(49-6) Kaula teu rempan ku bahaya, moal bingung pedah dilingkung ku musuh,

⁶(49-7) teu salempang ku nu jarahat, anu ngandelkeun kabeungharanana, anu takabur ku kajegudanana.

⁷(49-8) Jalma moal aya nu mampuh nebus nyawana, moal mampuh mayar panebus hirupna ka Allah,

⁸(49-9) lantaran pamayar hirup manusa teh kacida luhurna. Mayar sakumaha gedena ge

⁹(49-10) moal cukup pikeun luput tina kubur, sangkan hirup sapapanjangna.

¹⁰(49-11) Sabab geus teu matak bireuk, jalma bijaksana ge sarua jeung nu bodo jeung nu biko, hilang ti dunya ninggalkeun hartana ka turunanana.

¹¹(49-12) Kuburanana teh enggonna salalanggengna; di dinya ngancikna sapapanjangna najan keur hirupna mah bogaeun tanah sorangan.

¹²(49-13) Sakumaha mulyana jalma, moal sumingkir tina patina, kudu paeh, teu beda ti sato.

¹³(49-14) Pek awaskeun, kumaha jadina jalma-jalma anu arumangkeuh ku dirina, kumaha jadina nasib jalma anu umangkeuh ku kabeungharanana.

¹⁴ (49-15) Geus ditakdirkeun kudu maot,
teu beda ti domba, bakal diangon ku ajal.
Maranehna eleh ku anu hirupna bener,
mayit-mayitna gancang buruk di alam paeh,
jauh ti imah urut matuhna.

¹⁵ (49-16) Ari kaula mah ku Allah baris dijait,
baris diluputkeun tina kakawasaan ajal.

¹⁶ (49-17) Ulah kaget nenjo batur jadi
beunghar, masing batur beuki tambah
beunghar oge.

¹⁷ (49-18) Da ari geus paeh mah hartana
moal kabawa, kabeungharana moal nuturkeun
ka jero kubur.

¹⁸ (49-19) Sanajan keur hirupna sugema,
sarta pada muji-muji pinter usaha,

¹⁹ (49-20) pasti nyusul ajal karuhunna, di nu
poek saendeng-endeng.

²⁰ (49-21) Sakumaha mulyana jalma, moal
sumingkir tina patina, kudu paeh, teu beda ti
sato.

50¹ Jabur Asap. Allah Nu Maha Kawasa,
PANGERAN, ngandika, nyaur sakuliah
jagat ti wetan nepi ka kulon.

²Allah moncorong ti Sion, kota ratuning
kaendahan.

³Allah urang sumping. Sumpingna
henteu jempling, di payuneuna-Na aya
seuneu luntab-lentab, sakuriling Mantenna
ngagelebug angin ribut.

⁴ Mantenna nyaur langit jeung bumi sina jadi saksi, nyaksian Mantenna nerapkeun hukum ka umat-Na.

⁵ Timbalana-Na, "Kumpulkeun ka dieu umat Kami nu satia, anu kabeungkeut ku perjangjian Kami anu dikukuhkeun ku kurban peuncitan."

⁶ Langit ngabewarakeun yen Allah teh adil, sarta Mantenna ku anjeun nu jadi hakimna.

⁷ "Regepkeun he umat, dengekeun pangandika Kami, Kami rek nganyatakeun ka maneh, he Israil: Ieu Kami Allah, Allah maneh.

⁸ Kami nyeukseukan ka maneh lain ku karana kurban-kurban maneh, lain ku karana kurban-kurban beuleuman anu salawasna dibaktikeun ka Kami.

⁹ Kami teu butuh ku sapi ti kandang maneh, teu butuh ku embe maneh.

¹⁰ Kabeh marga satwa di leuweung boga Kami, kitu deui ingon-ingon di rebuan pasir-pasir.

¹¹ Manuk-manuk nu gariras boga Kami, kitu deui mahluk-mahluk anu harirup di tegal-tegal.

¹² Upama Kami lapar, moal menta dahareun ka maneh, sabab alam katut saeusina, nya Kami anu bogana.

¹³ Na Kami teh dahar daging sapi jalu, atawa nginum getih embe?

¹⁴ Baktikeun katumarimaan maneh, kitu kurban ka Allah mah, jeung tedunan jangji maneh ka Nu Maha Kawasa.

¹⁵ Upama meunang rerepit, sambat Kami, tan wande dijait sangkan maneh muji sukur ka Kami."

¹⁶ Ari ka nu jahat, kieu Allah ngadawuhna, "Naon gawena maneh ngucapkeun parentah-parentah Kami? Naon gawena nyaritakeun perjangjian Kami?"

¹⁷ Da maneh teh embung dibebener ku Kami, parentah-parentah Kami ku maneh dipungpang.

¹⁸ Teu cara mun nenjo bangsat, tuluy nyobat, sarta cacampuran jeung nu sok jinah.

¹⁹ Sungut diumbar kana kagorengan, ngomong bohong tara asa-asra.

²⁰ Ka dulur sorangan tega ngadakwa, tega nyaliksik kasalahana.

²¹ Kitu kalakuan maneh teh, tapi Kami teu ngomong naon-naon, jadi ceuk pamikir maneh Kami oge kawas maneh. Tapi ayeuna maneh ku Kami ditegor, kalakuan maneh kitu ayeuna ku Kami dieceskeun.

²² Ayeuna dengekeun, he anu ngalalaworakeun ka Kami, bisi maneh ku Kami dibasmi, pamohalan aya anu bisa nulungan.

²³ Kurban tanda ngahormat ka Kami teh nya eta ku ngucap sukur ka Kami, sarta sakur

anu nurut ka Kami geus tangtu ku Kami disalametkeun."

51 ¹(51-1) Pikeun pamingpin biduan.

Jabur Daud. (51-2) Waktu ditegor ku Nabi Natan lantaran jinah jeung Batseba.

(51-3) Nun Allah, sing hawatos ka abdi, demi satia asih Gusti. Pupus dosa abdi, demi Gusti teh maha kurnia.

²(51-4) Seuseuh sagala kajahatan abdi, beresihkeun abdi tina ieu dosa!

³(51-5) Abdi teh rumaos lepat, kadorakaan abdi tansah jadi emutan.

⁴(51-6) Abdi rumaos, dosa teh estu ka Gusti, ka Gusti pisan, gaduh lampah anu ku Gusti dianggap dosa. Gusti ngahukum ka abdi teh pantas, hukuman ka abdi adil, merenah.

⁵(51-7) Ti awit dilahirkeun oge abdi teh parantos doraka, dosa ti lebet kandungan keneh.

⁶(51-8) Anu dipundut ku Gusti nya eta jujur sareng bener; pinuhan hate abdi ku hikmah Gusti.

⁷(51-9) Angkat ieu dosa abdi, supados abdi beresih, abdi kumbah, supados langkung bodas manan salju.

⁸(51-10) Ridoan abdi nguping sora kabungah sareng kasuka supados tiasa deui ngarasa bagja, sanaos ku Gusti parantos disasaak sareng diririkes.

⁹(51-11) Peureumkeun soca Gusti, tong ningali dosa abdi, sadaya kajahatan abdi mugi dipupus.

¹⁰(51-12) Ciptakeun di diri abdi hate anu beresih, nun Allah, eusian abdi ku sumanget anyar, jiwa satia.

¹¹(51-13) Abdi ulah dipiceun ti payuneun Gusti, roh Gusti anu suci ulah dicandak ti abdi.

¹²(51-14) Pasihan deui kagumbiraan ku kasalametan ti Gusti, sareng paparin kadaek nurut ka Gusti.

¹³(51-15) Engke abdi bade ngajarkeun parentah Gusti ka nu daroraka, sina tarobat ka Gusti.

¹⁴(51-16) Raksa nyawa abdi, nun Allah, abdi salametkeun. Kaadilan Gusti tangtos ku abdi dibewarakeun kalayan gumbira.

¹⁵(51-17) Tulungan abdi nyanggem, nun PANGERAN, sangkan muji-muji ka Gusti.

¹⁶(51-18) Gusti teu hoyong kurban peuncitan, atanapi dihaturanan kurban beuleuman, eta oge Gusti teu hoyong.

¹⁷(51-19) Abdi ngurbankeun hate anu pinuh ku karumasaan, nun Allah! Gusti tangtos moal nolak hate anu rumasa sareng tobat.

¹⁸(51-20) Sing hawatos ka Sion, tulungan, kuta Yerusalem mugi sina ngadeg deui.

¹⁹(51-21) Saparantos kitu tangtos Gusti kersa nampi kurban anu layak,

curban beuleuman, sareng sapi jalu, anu dikurbankeun dina altar Gusti.

52¹ (52-1) Pikeun pamingpin biduan.

Lagu atikan karangan Daud, (52-2) waktu Doeg, urang Edom, pupulih ka Saul yen Daud kungsi sumping ka Abimelek. (52-3) He jalma gagah, ku naon nyombongkeun kajahatan sorangan? Allah teh satia salalanggengna.

² (52-4) Maneh resep nyieun picilakaeun batur, letah seukeut kawas peso cukur, salawasna ngan ngareka-reka jalan keur nипу.

³ (52-5) Maneh leuwih resep kana kajahatan manan kana kahadean, leuwih resep ngabohong manan ngomong bener.

⁴ (52-6) Maneh resep nganyenyeri batur ku omongan, he tukang bohong!

⁵ (52-7) Maneh pinasti lebur ku Allah salalawasna, ku Mantenna bakal dibedol ka luar ti jero imah, disingkahkeun ti dunya anu harirup.

⁶ (52-8) Nenjo kajadian kitu, jalma balener jadi sarieuneun, tuluy nyaleungseurikeun ka maneh, sarta ngaromong kieu,

⁷ (52-9) "Ieu jelema teh anu henteu muntang ka Allah, muntangna kana kabeungharanana. Ngusahakeun kaamananana ku nyieun kajahatan."

⁸(52-10) Ari kaula mah lir tangkal jetun nu jadi di gedong Allah, muntang kana satia asih-Na, teu kendat-kendat.

⁹(52-11) Abdi kacida tumarimana ka Gusti, nun Allah, narinakeun sagala pitulung Gusti. Kasaean Gusti bade diuarkeun ka umat Gusti.

53¹(53-1) Pikeun pamingpin biduan.

53 Nurutkeun lagu: Mahalat. Lagu atikan karangan Daud. (53-2) Ceuk anggapan nu garejul, "Allah teh euweuh." Kalakuan maranehna kacida jahatna, saurang ge lampahna euweuh nu bener.

²(53-3) Allah mandang ti sawarga, nitenan umat manusa sugar aya nu waras pikiranana, sugar aya saurang mah anu eling ka Mantenna.

³(53-4) Horeng geus ingkar kabeh, geus garoreng kabeh, geus teu saurang-urang acan anu hade kalakuanana.

⁴(53-5) "Teu nyarahoeun, kitu?" PANGERAN mariksa. "Geus arembung nganyahokeun, eta nu jarahat teh? Gawena ngarampogan umat Kami jeung euweuh anu daek neneda ka Kami."

⁵(53-6) Tapi engke maranehna bakal tagiwur, leuwih ti nu enggeus-enggeus, sabab Allah baris ngawurkeun tulang-taleng musuh umat-Na. Maranehna ku Allah enggeus dipiceun, baris lebur tumpur dielehkeun ku Israil.

⁶(53-7) Kaula banget neneda, kasalametan sing datang ka Israil ti Sion. Tada teuing bungahna engke urang Israil, lamun kaayaanana geus dipulihkeun deui ku Allah.

54 ¹(54-1) Pikeun pamingpin biduan. Dipirig ku kacapi. Lagu atikan karangan Daud, (54-2) waktu urang Sip pupulih ka Saul: "Daud nuju nyilib di abdi sadaya." (54-3) Jait abdi ku kakawasaan Gusti, nun Allah, bebaskeun ku kadigjayaan Gusti.

²(54-4) Nun Allah, mugi ieu paneda dangukeun, ieu panyambat abdi mugi perhatoskeun.

³(54-5) Abdi teh dirurug ku nu arangkuh, diarah pati ku nu barengis, jalmi-jalmi anu henteu ngendahkeun ka Allah.

⁴(54-6) Tapi kami boga panulung, nya eta Allah. Kami aya nu ngabela, nya eta PANGERAN.

⁵(54-7) Mugia kajahatan maranehna ku Allah dijieun keur hukumanana. Maranehna ku Allah tangtu dibasmi, sabab Allah teh satia.

⁶(54-8) Kalayan suka abdi bade nyanggakeun kurban ka Gusti, muji sukurtina sugri kasaean Gusti, nun PANGERAN.

⁷(54-9) Wireh Gusti parantos ngajait abdi tina rupi-rupi pakewuh, malah ningal musuh-musuh abdi dielehkeun.

55 ¹(55-1) Pikeun pamingpin biduan. Dipirig ku kacapi. Lagu atikan karangan

Daud. (55-2) Nun Allah, dangukeun paneda abdi, panyambat abdi ulah dipungkuran.

²(55-3) Mugi perhatoskeun, paparin waleran, abdi teu kiat deui nandang kabingung.

³(55-4) Abdi gugup ku ancaman musuh, sieun ku panggencetna anu jarahat. Sakitu nyaresahkeunana ka abdi, arijideun, arambekeun.

⁴(55-5) Abdi teh sieun, gigis gimir ku ancaman ajal.

⁵(55-6) Abdi dugi ka ngeleper ngadegdeg, sieun taya papadana.

⁶(55-7) Dugi ka hayang jangjangan sapertos japati, bade hiber neangan tempat nu aman.

⁷(55-8) Bade hiber masing tebih, teras cicing di gurun keusik.

⁸(55-9) Moal talangke deui neangan tempat nyalindung, nyinkiran topan jeung hujan angin.

⁹(55-10) Nun PANGERAN, pasaliakeun paguneman musuh-musuh abdi. Di kota katingal aya rurusuh sareng kakerasan,

¹⁰(55-11) siang wengi ngurilingan kota. Kota pinuh ku kajahatan jeung kasusahan.

¹¹(55-12) Di mana-mana ruksak, jalan-jalan pinuh ku tukang ngagencet jeung tukang nipu.

¹²(55-13) Saleuheung lamun anu ngahina teh musuh, kaula kuat nangankeun saleuheung lamun anu nyombong ka kaula

teh lawan, kaula bisa nyingkir, nyumput ti manehna.

¹³(55-14) Ieu mah nu kitu teh anjeun pisan, batur sorangan, batur rerentetan, sobat dalit;

¹⁴(55-15) batur nyarita nu geus kacida lomana, anu tuman babarengan ngabakti di Bait PANGERAN.

¹⁵(55-16) Muga-muga musuh-musuh teh paraeh ngadadak, sing dikubur hirup-hirup, sabab di imahna jeung dina hatena ngukut kajahatan.

¹⁶(55-17) Ari kaula mah nyambat ka Allah, tangtu ku PANGERAN dijait.

¹⁷(55-18) Isuk-isuk, sore, peuting, panyambat jeung rumahuh kaula hanjat ka Mantenna soara kaula tangtu didangukeun.

¹⁸(55-19) Kaula tangtu disalametkeun ti musuh anu narajang, anu ngambreg sakitu lobana.

¹⁹(55-20) Allah anu nyepeng parentah ti jaman langgeng, baris nulungan kaula ngelehkeun musuh, sabab maranehna arembungeun tobat jeung teu sarieuneun ku Mantenna.

²⁰(55-21) Eta nu tadina batur kaula teh malik nyerang babaturanana, ingkar tina jangji-jangjina.

²¹(55-22) Ucap-ucapanana memang sareh, tapi hatena pinuh ku kangewa; omonganana laleucir ibarat minyak, tapi seukeut matak raheut kawas pedang.

²²(55-23) Pasrahkeun kasusah maneh ka Allah, Mantenna tangtu ngaraksa; Mantenna moal ngantep jelema bener eleh.

²³(55-24) Nanging nun Allah, memeh eta nu sok maraehan sareng naripu nepi ka tengah umurna, ku Gusti bakal digebruskeun ka jero kuburanana. Dupi abdi mah percaya ka Gusti.

56¹(56-1) Pikeun pamingpin biduan. Nurutkeun lagu: Japati bisu di nu jauh. Jabur Daud, waktu anjeunna ditangkep ku urang Pelisti di Gat. (56-2) Sing hawatos ka abdi, nun Allah, ieu abdi ditarajang, teras-terasan bae digencet ku musuh.

²(56-3) Nu merangan sakitu seueurna, sadinten jeput haben bae ngabereg.

³(56-4) Waktos geumpeur kieu, nun PANGERAN Nu Maha Kawasa, abdi ngaharep ka Gusti.

⁴(56-5) Kaula teu sieun, sabab percaya ka Allah. Kaula muji ka Mantenna ku tina jangji-Na. Rek bisa naon manusa ka kaula?

⁵(56-6) Sadinten jeput hayoh bae musuh teh ngarah, teu eureun-eureun ihtar nyilakakeun abdi!

⁶(56-7) Maranehna ngumpul di nu buni, ngintip kalakuan abdi, harayangeun maehan.

⁷(56-8) Hukum eta jelema-jelema jahat teh, nun Allah. Tumpurkeun, hudangkeun amarah Gusti!

⁸(56-9) Gusti uninga kumaha susahna abdi teh. Gusti uninga jumblah keclak cipanon abdi. Sanes parantos dicatet dina kitab Gusti?

⁹(56-10) Dina dintenan abdi nyambat ka Gusti, musuh abdi pasti undur. Kaula yakin yen Allah aya di pihak kaula,

¹⁰(56-11) nya eta PANGERAN, anu jangji-Na ku kaula dipuji-puji.

¹¹(56-12) Kaula teu sieun, sabab percaya ka Mantenna. Rek bisa kumaha manusa ka kaula?

¹²(56-13) Nun Allah, abdi nyumponan jangji, nya eta nyanggakeun kurban panarima ka Gusti.

¹³(56-14) Wireh Gusti parantos ngajait abdi tina ajal, sareng teu kantos eleh ku musuh, dugi ka abdi tiasa keneh lumantung di payuneun Gusti, dina cahaya nu nyaangan ka nu harirup.

57 ¹(57-1) Pikeun pamingpin biduan.

Nurutkeun lagu: Ulah ngabasmi. Jabur Daud waktu keur aya di jero guha, nyingkahan Saul. (57-2) Sing hawatos ka abdi, nun Allah, sing hawatos, sabab abdi nyalindung ka Gusti. Abdi bade nyalindung dina kalangkang jangjang Gusti, dugi ka rerepna angin ribut.

²(57-3) Kaula sasambat ka Allah, Nu Maha Agung, ka Allah, anu nyumponan sagala kaperluan kaula.

³(57-4) Mantenna tangtu ngawaler ti sawarga baris nyalametkeun kaula, nu ngagencet teh tangtu ditumpurkeun; Allah tangtu mintonkeun piwelas jeung kasatiaana-Na.

⁴(57-5) Kaula dilingkung ku musuh, anu kawas singa-singa tukang ngahakan jelema, huntuna lir tumbak jeung jamparing, letahna lir pedang seukeut.

⁵(57-6) Pintonkeun kaagungan Gusti di satungkebing langit, nun Allah, kamulyaan Gusti sing tembong di satangkaraking jagat.

⁶(57-7) Musuh abdi masang eurad rek ngaringkus, matak rentag hate; maranehna ngali lombang dina pijalaneun abdi, nanging maranehna sorangan nu tigebrus.

⁷(57-8) Abdi ngarasa yakin pisan, nun Allah abdi bade nyanyi sareng muji ka Gusti!

⁸(57-9) Nyaring, he lelembutan! Nyaring, he kacapi jeung gambus! Kami rek ngageuingkeun panonpoe.

⁹(57-10) Abdi bade ngucap sukur ka Gusti, nun PANGERAN, di tengah bangsa-bangsa, bade muji Gusti di antawis umat manusa.

¹⁰(57-11) Satia asih Gusti maratan langit, kasatiaan Gusti jujul kana mega-mega.

¹¹(57-12) Pintonkeun kaagungan Gusti di satungkebing langit, nun Allah, kamulyaan Gusti sing tembong di satangkaraking jagat.

58 ¹(58-1) Pikeun pamingpin biduan. Nurutkeun lagu: Ulah ngabasmi. Jabur

ti Daud. (58-2) He para pangereh, kungsi aranjeun nyieun putusan nu adil? Jujur aranjeun nimbang perkara pada manusa?

²(58-3) Teu! Nu dipikir ku aranjeun ngan rek nyieun kajahatan, jeung nyieun katelengesan di jero nagri.

³(58-4) Jalma jahat mah kalakuanana goreng saumur-umur, ti barang dijurukeun ge geus mimiti nипу.

⁴(58-5) Dirina pinuh ku peurah kawas oray, ceulina tara dipake, kawas oray sinduk torek,

⁵(58-6) anu teu ngadenggeeun kana sora pawangna, atawa kana sora tembang tukang ngematna.

⁶(58-7) Remukkeun sihungna eta singa-singa galak teh, nun Allah!

⁷(58-8) Sing musna eta jalma-jalma teh, sapertos cai nyaab, sina kaidek sapertos jukut di jalan,

⁸(58-9) sing cara tetenggek, leeh jadi leuleueur, sing sapertos orok kaluron, teu kungsi ningal caang.

⁹(58-10) Memeh areling maranehna geus dicacar cara rurungkunan. Ku Allah anu bendu maranehna dibalangkeun hirup-hirup.

¹⁰(58-11) Anu balener bakal barungah narenjo nu daroraka dihukum; getih jelema anu jarahat teh ku maranehna bakal dipake ngaraas.

¹¹(58-12) Jalma-jalma bakal ngaromong, "Nyata, nu bener teh aya ganjaranana, nyata

aya Allah, anu ngajalankeun hukum adil di dunya."

59¹ (59-1) Pikeun pamingpin biduan.

Nurutkeun lagu: Ulah ngabasmi. Jabur ti Daud, basa bumina dikepung ku Saul maksudna rek ditelasan. (59-2) Nun Allah, leupaskeun abdi ti musuh, salametkeun ti anu keur ngarah!

² (59-3) Luputkeun ti ieu para jahanam, jalmi-jalmi tukang maehan!

³ (59-4) Maranehna keur ngadaragoan, bade maehan ka abdi, eta nu jarahat teh sakait ngarah abdi. Sanes ku margi abdi gaduh dosa atanapi kalepatan,

⁴ (59-5) sanes ku margi abdi awon kalakuan pang maranehna paciweuh kitu.

⁵ (59-6) Nun GUSTI, Allah Nu Maha Kawasa, enggal abdi tulungan. Tingalian ku Gusti, nun Allah Israil! Hukum eta jalmi-jalmi tuna Allah teh, nu harianat kitu tong dipikawelas.

⁶ (59-7) Wengina maranehna daratang deui, ngaprak kota bari tingharereng cara anjing.

⁷ (59-8) Dangukeun susumbarna, ucapanana matak raheut lir pedang, panyangkana moal aya nu ngadengeeun.

⁸ (59-9) Nanging ku Gusti mah eta teh digumujengkeun, eta jalmi-jalmi tuna Allah teh ku Gusti dipoyok.

⁹ (59-10) Abdi ngandel kana kakiatan Gusti, nya Gusti nu jadi panyalindungan abdi.

¹⁰(59-11) Allah anu nyauheun ka kaula tangtu nyumpingan, kaula bakal disina nenjo musuh eleh.

¹¹(59-12) Eta musuh teh ulah dipaehan, nun Allah, bilih bangsa abdi parohoeun. Paburencaykeun, elehkeun ku kakiatan Gusti, nun PANGERAN, panyalindungan abdi sadaya!

¹²(59-13) Ku margi sungutna jahat, biwirna doraka, mugi sing karingkus ku adigungna! Maranehna sok sasapa, sok nипу.

¹³(59-14) Mugi amuk ku amarah Gusti, sing tumpur lebur, sangkan karasaeun yen Allah teh murba di Israil, malah ngereh satangkaraking jagat.

¹⁴(59-15) Wengina maranehna daratang deui, ngaprak kota bari tingharereng cara anjing,

¹⁵(59-16) sapertos anjing ngaprak nareangan hakaneun, ari ngan manggih saeutik babaung.

¹⁶(59-17) Dupi abdi mah sumeja ngidungkeun karosaan Gusti, unggal isuk bade muji satia asih Gusti. Gusti parantos kersa jadi panyalindungan, sareng panyaluuhan waktos abdi keur rupek.

¹⁷(59-18) Abdi muji ka Gusti, nun Pangraksa abdi! Panyalindungan abdi teh Allah, Allah nu asih ka abdi.

60¹(60-1) Pikeun pamingpin biduan. Nurutkeun lagu: Kembang Bakung nu jadi saksi. Jabur atikan ti Daud (60-2)

sabada mulih tas ngelehkeun urang Aram Mesopotamia jeung Aram Sobah, jeung waktu Yoab mulang tas ngelehkeun urang Edom di Lebak Uyah, aya dua belas rebu musuh anu kasambut. (60-3) Nun Allah, Gusti parantos miceun abdi-abdi, parantos ngabenduan, mugi kersa mikawelas deui.

²(60-4) Ieu tanah ku Gusti digenjlongkeun, disina bareulah, ku margi ngarewag, mugi anu bareulah teh diliputkeun deui.

³(60-5) Umat teh ku Gusti dikeunaan cocobi pohara pisan; abdi sadaya dugi ka tingdaligdeug sapertos nu mabok.

⁴(60-6) Gusti parantos ngemutan sakur nu hormat ka Gusti, sangkan maranehna luput tina karuksakan.

⁵(60-7) Anggo kakiatan Gusti keur ngajait abdi-abdi, waler paneda abdi sadaya, supados umat kaasih Gusti tiasa salamet.

⁶(60-8) Allah geus ngadawuh ti kasuciana-Na, "Kami unggul; Kami rek ngabagi-bagi tanah Sekem, sarta Lebak Sukot rek dibagikeun ka umat Kami.

⁷(60-9) Gilad boga Kami, kitu deui Menase. Epraim balakutak Kami, Yuda teteken karajaan Kami.

⁸(60-10) Tapi Moab mah rek dijieu pangumbahan, jeung Kami arek ngalungkeun tarumpah ka Edom, pikeun ciri yen eta tanah boga Kami. Kutan urang Pelisti teh ngira rek bisa surak, ngira rek bisa meunang ti Kami?"

⁹(60-11) Saha nu rek nyandak abdi ka eta kota anu dibenteng? Saha anu baris nuyun abdi ka Edom, nun Allah?

¹⁰(60-12) Naha leres Gusti teh parantos luas ka abdi sadaya? Naha leres moal kersa sareng ngarurug musuh?

¹¹(60-13) Tulungan abdi-abdi ngayonan musuh, margi pitulung ti manusa mah tangtos gaplah.

¹²(60-14) Ari disareangan ku Allah mah urang tangtu unggul, musuh teh ku Mantenna geus tangtu eleh.

61 ¹(61-1) Pikeun pamingpin biduan. Dipirig ku kacapi. Ti Daud. (61-2) Nun Allah, dangukeun panyambat abdi, perhatoskeun paneda abdi!

²(61-3) Sajeroning pegat harepan tur tebih ti rorompok, ka Gusti abdi cumeluk! Candak abdi nyalindung ka nu aman,

³(61-4) nya Gusti panyalindungan abdi teh, benteng abdi anu weweg enggoning ngayonan musuh.

⁴(61-5) Widian abdi cicing di kasucian Gusti saumur hirup, supados aman dina aub jangjang Gusti.

⁵(61-6) Gusti parantos ngadangu jangji abdi, nun Allah, sareng parantos maparin naon-naon anu digaduhan ku jalmi-jalmi anu hormat ka Gusti.

⁶(61-7) Mugi raja dipanjangkeun yuswa, widian hirup salalamina!

⁷ (61-8) Mugia anjeunna marentah sapapaosna di payuneun Gusti, nun Allah, mugi diaping ku kasatiaan sareng kaasih Gusti.

⁸ (61-9) Ku hal eta, abdi bade nyanggakeun pupujian ka Gusti, sareng nedunan jangji, unggal dinten bade nyanggakeun kurban.

62¹ (62-1) Pikeun pamingpin biduan. **Nurutkeun Yedutun. Jabur Daud.**

(62-2) Kaula kudu sabar ngadago dijait ku Allah, ngan ka Mantenna kaula muntang teh.

² (62-3) Ngan Mantenna nu ngaraksa jeung nyalametkeun kaula, Mantenna benteng kaula, jadi kaula moal bisa eleh.

³ (62-4) Rek tepi ka iraha maraneh narajang ka jalma saurang, nu kakuatanana sarua jeung pager ruksak?

⁴ (62-5) Niat maraneh taya lian, rek ngarurud anjeunna tina kalungguhanana; maraneh teh jalma palsu. Ari biwir ngadoakeun, hate mah ka anjeunna nyumpahan.

⁵ (62-6) Kaula ngan gumantung ka Allah, pangharepan ditamplokkeun ka Mantenna.

⁶ (62-7) Ngan Mantenna nu ngaraksa jeung nyalametkeun kaula, Mantenna benteng kaula, jadi kaula moal bisa eleh.

⁷ (62-8) Kasalametan jeung kahormatan kaula estu gumantung ka Allah, Allah teh benteng kaula anu tohaga, panyalindungan kaula.

⁸(62-9) He rahayat, sing tetep percaya ka Allah, wakcakeun sakabeh kasusah ka Mantenna, karana Allah teh panyalindungan urang.

⁹(62-10) Kabeh manusa lir sarenggap napas, menakna, cacahna, sarua taya ajenna. Mun ditimbang, ngoleang taya bobotna, leuwih hampang manan ambekan sarenggap.

¹⁰(62-11) Ulah ngandelkeun kakerasan, ulah hayang beubeunangan ku rarampog, malah najan beuki beunghar oge eta kabeungharan teh ulah dijieu andelan.

¹¹(62-12) Leuwih ti sakali kami ngareungeu Allah ngadawuh, yen kakawasaan mah kagungan Mantenna,

¹²(62-13) sarta kaasih Mantenna taya kendatna. Gusti ku anjeun, nun PANGERAN, nu ngaganjar ka manusa, satimpal sareng lampahna.

63 ¹(63-1) Jabur Daud basa keur aya di tanah gurun bawahna Yuda. (63-2) Nun Allah, nya Anjeun Allah abdi. Abdi kangen ka Gusti. Sakujur diri ngaraos tibelat ka Gusti lir tanah keri, garing tara kasorang ku cai nya kitu jiwa abdi teh halabhabna ka Gusti.

²(63-3) Mugi abdi tiasa ningal Gusti di tempat anu suci, sangkan ningal kumaha mulyana sareng agungna Gusti.

³(63-4) Satia asih Gusti langkung utami ti batan hirup, eta margina abdi sumeja muji ka Gusti.

⁴ (63-5) Saumur-umur sumeja nembongkeun katumarimaan, nadahkeun leungeun neneda ka Gusti.

⁵ (63-6) Nyawa abdi bakal pesta tur sugema, abdi sumeja muji ku lagu suka, ngamulyakeun ka Gusti.

⁶ (63-7) Keur ngedeng di enggon, emut ka Gusti, sawewengi ngemut-ngemut Gusti,

⁷ (63-8) wireh Gusti salamina nulungan bae. Dina kalangkang jangjang Gusti, abdi bade nyanyi gumbira.

⁸ (63-9) Ka Gusti abdi muntang dina panangan Gusti abdi aman.

⁹ (63-10) Sabalikna nu ngarah nyawa abdi bakal tarurun ka dunyana nu paraeh,

¹⁰ (63-11) bakal paraeh di pangperangan, bangke-bangkena dihakan ku ajag.

¹¹ (63-12) Dupi raja bakal bingah margi disina unggul ku Allah. Sakur anu ikrar kalayan nyebat jenengan Allah bakal maruji ka anjeunna. Sawangsulna jalmi-jalmi tukang bohong sungutna bakal barungkem.

64 ¹ (64-1) Pikeun pamingpin biduan. Jabur Daud. (64-2) Nun Allah, dangukeun paneda abdi anu keur kasesahan! Abdi teh sieun musuh. Salametkeun nyawa abdi.

² (64-3) Amankeun abdi ti nu garaduh niat jahat, tina amarah para jahanam.

³ (64-4) Maranehna ngasah letahna seukeut kawas pedang, mesat-mesatkeun omonganana anu garihal lir jamparing.

⁴ (64-5) Maranehna karesit nyebankeun bohong, taya kaera, nyilakakeun jalmi anu balener ku carana anu kecing.

⁵ (64-6) Maranehna silih hatean ngararancang kajahatanana. Silih bejaan di mana neundeun pitapakna. Aromongna, "Buni, moal kaciri."

⁶ (64-7) Maranehna nyarieun picilakaeun batur, sarta kieu aromongna, "Alus, sampurna ieu rarancang urang teh." Hate jeung pikiran manusa teh buni, teu bisa diteuleuman.

⁷ (64-8) Tapi jamparing Allah tingbelesat ka maranehna. Maranehna ujug-ujug taratu.

⁸ (64-9) Ku Allah disina cilaka ku ucapanana sorangan; sakur anu nyaraksiyan batigogodeg.

⁹ (64-10) Maranehna bakal galimir, bakal mikiran anu geus dipidamel ku Allah, tuluy nguar-nguar padamelana-Na.

¹⁰ (64-11) Jalma anu balalener barungah ku sagala padamelan PANGERAN, maranehna tangtu aman nyalindung ka Mantenna; jalma-jalma nu balageur bakal maruji ka Mantenna.

65 ¹ (65-1) Pikeun pamingpin biduan. Jabur Daud. Lagu. (65-2) Leres, abdi-abdi kedah muji ka Gusti di Sion, sareng nekanan jangji, nun Allah.

²(65-3) Gusti ngamakbul kana paneda,
jalmi ti mana-mana bakal darongkap

³(65-4) ngakukeun dosana ka Gusti. Dosa
abdi sadaya kacida abotna nanging Gusti
kersa ngahapunten.

⁴(65-5) Bagja jalma-jalma anu ku Gusti
dipilih, anu dicandak nyicingan tempat
kasucion Gusti. Di dinya abdi-abdi bakal
dicekapan ku sagala hal anu sae, nya eta ku
berkah-berkah ti Bait Gusti nu suci.

⁵(65-6) Gusti ngawaler ka abdi-abdi ku
maparin kaunggulan, sareng midamel hal-hal
anu araheng pikeun nyalametkeun abdi-abdi.
Gusti jadi andelan jalmi sadunya, dugi ka anu
tarebih di peuntaseun sagara.

⁶(65-7) Kalayan gagah Gusti nangtungkeun
gunung-gunung, mintonkeun kakawasaan
anu rongkah.

⁷(65-8) Gusti nengtremkeun lautan
anu motah, nengtremkeun ombakna anu
jumegur, sareng nengtremkeun rusuhna
bangsa-bangsa.

⁸(65-9) Jalmi sajagat galimir naringal
kaahengan padamelan Gusti. Jalmi-jalmi ti
satungtung bumi surak gumbira naringal eta
padamelan Gusti.

⁹(65-10) Tanah teh ku Gusti diriksa,
dipasihan hujan, disina subur makmur.
Walungan-walungan disina caian, bumi disina
bijil hasilna. Ieu anu dipidamel ku Gusti:

¹⁰(65-11) Lahan-lahan kenging ngawuluku
digeyeran hujan, taneuhna disina riduh
dileledok ku cihujan, pepelakanana sina jaradi
ngagedean.

¹¹(65-12) Ku berkah Gusti panen teh
mucekil! Ka mana Gusti sumping, di dinya
tangtos jadi lubak-libuk.

¹²(65-13) Sampalan-sampalan pinuh ku
embe sareng domba, lamping-lamping pasir
garerah.

¹³(65-14) Rayap rendang domba minuhan
sampalan, lebak-lebak pinuh ku pelak
gandum. Sadayana jadi jigrah kakawihan.

66¹Pikeun pamingpin biduan. Jabur.
Lagu. Surak sing gerah, he umat
kabeh, puji Allah!

²Sanggakeun pupujian, agungkeun
jenengana-Na, baktikeun pamuji ka
Mantenna!

³Unjukkeun ka Allah, "Padamelan Gusti
kalintang ahengna. Kakawasaan Gusti teu
kinten rosana, dugi ka musuh-musuh Gusti
ngareluk sarieuneun.

⁴Satangkaraking jagat sami sumembah,
ngaragungkeun ka Gusti, ngaragungkeun
jenengan Gusti."

⁵Ka darieu, saksian dadamelan Allah,
saksian kaahengan dadamelana-Na di
manusa.

⁶Laut disalin rupa jadi daratan, bisa dipake
leumpang ku karuhun urang, dipeuntasan.
Padamelan Mantenna estu matak bungah.

⁷Mantenna nyangking parentah
salalanggengna, sabab kawasa, soca-
Na nitenan bangsa-bangsa. Pacuan aya nu
wani baha.

⁸Puji Allah kami, he sakumna bangsa, sing
kadenge mujina.

⁹Mantenna geus ngaraksa jiwa-jiwa kami.
Kami kabeh teu diantep sina ragrag.

¹⁰Nun Allah, abdi-abdi ku Gusti parantos
diuji, sapertos perak dibesot ku seuneu.
Leres, ku Gusti parantos diuji.

¹¹Ku Gusti diantep tigebrus kana burang,
punduk dibugbrugan momotan.

¹²Ku Gusti diantep diidek-idek ku musuh,
diantep ditempuh ku seuneu sareng ku caah.
Nanging ayeuna parantos dicandak ka tempat
anu aman.

¹³Abdi bade ka gedong Gusti nyanggakeun
kurban beuleuman, kangge nekanan jangji ka
Gusti.

¹⁴Bade ngabuktoskeun anu diikrarkeun
kapungkur waktos keur nyorang tunggara.

¹⁵Bade ngahaturkeun domba, dibeuleum
dina altar, ngurbankeun sapi jalu sareng
embe, haseupna sina mumbul ka langit.

¹⁶Ka darieu reungeukeun, he sakur anu
ajrih ka Allah, kaula rek nyaritakeun pitulung
Mantenna ka kaula.

¹⁷ Bareto kaula ngajerit menta tulung ka Mantenna, ayeuna kaula ngagungkeun ku pupujian.

¹⁸ Lamun seug kaula henteu eling tina dosa, PANGERAN moal kersaeun ngadangu.

¹⁹ Tapi Allah memang geus ngadangu ka kaula, panyambat kaula geus dimakbul.

²⁰ Sagala puji ka Allah, reh paneda kaula henteu ditolak sarta henteu ngowelkeun satia asih-Na ka kaula.

67 ¹(67-1) Pikeun pamingpin biduan.

Dipirig ku kacapi. Jabur. (67-2) Nun Allah, abdi sadaya neda piwelas sareng berkah, mugi luntur galih kersa malire ka abdi.

²(67-3) Sangkan pangersa Gusti nyata ka umat manusa, pon kitu kasalametan ti Gusti dikenal ku bangsa sakumna.

³(67-4) Mugia umat maruji ka Gusti, nun Allah, mugia maranehna sami ngagungkeun!

⁴(67-5) Mugia bangsa-bangsa teh sami gerah sami bingah, wireh ku Gusti dituyun kalayan adilna, bangsa-bangsa di ieu dunya teh ku Gusti dipingpin.

⁵(67-6) Mugia umat maruji ka Gusti, nun Allah, mugia maranehna sami ngagungkeun!

⁶(67-7) Tanah geus ngaluarkeun hasil. Allah, Allah urang, geus ngaberkahan.

⁷(67-8) Allah geus ngaberkahan ka urang, mugia umat kabeh di mana-mana hormat jeung ajrih ka Mantenna.

68¹ (68-1) Pikeun pamingpin biduan.
Jabur Daud. (68-2) Allah maju,
 musuh-musuh-Na dipaburencaykeun. Anu
 gareuleuheun ka Mantenna areleh, kalabur.

² (68-3) Ku Mantenna diusir, leungit lir
 haseup dikebut ngaraley kawas lilin dideang.
 Nu jarahat teh lebur di payuneun Allah.

³ (68-4) Sabalikna nu balener mah
 aratoheun di payuneun Mantenna, sarurak
 nembongkeun kabungah.

⁴ (68-5) Puji Allah, puji jenengana-Na,
 sadiakeun jalan pikeun Mantenna nu ngambah
 mega. Jenengan Mantenna PANGERAN, sing
 aratoh di payuneuna-Na!

⁵ (68-6) Allah anu linggih di Bait-Na anu
 suci, ngarawat ka nu pahatu, ngaraksa ka
 randa-randa.

⁶ (68-7) Mantenna ngimahan ka nu
 nunggelis, nungtun para sakitan sina barebas,
 ari bangsa basangkal disina hirup di tempat
 mencil.

⁷ (68-8) Nun Allah, nalika Gusti ngapalaan
 umat, waktos ngambah gurun keusik,

⁸ (68-9) bumi genjlong, langit nurunkeun
 hujan, ku sumpingna Allah Sinai Allah Israil
 sumping.

⁹ (68-10) Gusti seueur nurunkeun hujan,
 tanah kagungan nu parantos garing seger
 deui.

¹⁰(68-11) Umat Gusti nyarieun imah di dinya; kalayan kasaean Gusti ngurus anu mariskin.

¹¹(68-12) PANGERAN ngaluarkeun parentah-Na, para wanita ngembarkeun wartana:

¹²(68-13) "Raja-raja katut baladna geus kalabur!" Para wanita di lembur ngabagi-bagi jarahan, nya eta:

¹³(68-14) jajapatian-jajapatian anu disaput ku perak, jangjangna disaput emas ngagurilap. (Ku naon arandika aya nu teu milu jurit, anggur caricing di kandang domba?)

¹⁴(68-15) Waktu Allah Nu Maha Kawasa ngaburiakkeun raja-raja di Gunung Salmon, eta gunung ku Mantenna dihujanan ku salju.

¹⁵(68-16) Gunung Basan estu hebat, gunung nu rea puncakna!

¹⁶(68-17) Ku naon maneh ti puncak-puncak maneh anu laluhur, nenjokeun bari ngahina ka gunung anu ku Allah rek dijieu panglinggihana-Na? PANGERAN pasti ngaraton di dinya salalanggengna!

¹⁷(68-18) Diiring ku rebuan kareta perang anu rarongkah, PANGERAN sumping ti Sinai, lebet ka tempat nu suci.

¹⁸(68-19) Mantenna ngunggahan tempat anu laluhur, ti dinyana nyandak tawanan rea pisan, sarta nampi upeti ti anu tadina ngaralawan. GUSTI Allah baris linggih di dinya.

¹⁹(68-20) Puji PANGERAN, anu saban
poe mangnanggungkeun momotan urang.
Mantenna teh Allah anu nyalametkeun urang.
²⁰(68-21) Allah urang teh, Allah nu ngajait
urang, Mantenna teh PANGERAN, Gusti urang,
anu ngajait urang tina ajal.

²¹(68-22) Satemenna, Allah bakal
ngaremukkeun hulu musuh-musuh-Na, nya
eta sakur anu hirupna teu weleh dosa.

²²(68-23) PANGERAN geus ngadawuh,
"Musuh maraneh ti Basan ku Kami rek dibawa
deui ka dieu, ti jero laut ge ku Kami rek
dibawa ka dieu,

²³(68-24) supaya maraneh ngaraas
getihna, sarta anjing maraneh sareubeuheun
ngaletakan getihna."

²⁴(68-25) Nun Allah, arak-arakan
kaunggulan Gusti ditongton ku sadayana,
Allah, Raja abdi, diarak, lebet ka kasuciana-
Na.

²⁵(68-26) Pangpayunna para biduan, palih
pungkur para pamaen musik, di tengah para
mojang anu narabeuh terebang.

²⁶(68-27) "Paruji Allah dina kumpulan
umat-Na, paruji PANGERAN, he sakabeh
turunan Yakub!"

²⁷(68-28) Pangheulana datang Binyamin,
kaom anu pangleutikna, tuluy para pamingpin
Yuda jeung aleutanana, geus kitu para
pamingpin Sebulun jeung Naptali.

²⁸(68-29) Pintonkeun kakawasaan Gusti, nun Allah, kakawasaan anu dianggo ngabela abdi sadaya.

²⁹(68-30) Pintonkeun ti Bait Gusti di Yerusalem, tempat raja-raja nyaranggakeun upeti ka Gusti.

³⁰(68-31) Seuseul Mesir, si sato galak di leuweung manjah, seuseul bangsa-bangsa, si gorombolan banteng katut anak-anakna, sina marendek sareng nyaranggakeun perak. Paburencaykeun bangsa-bangsa nu bareuki perang!

³¹(68-32) Duta-duta bakal daratang ti Mesir, urang Sudan bakal naradahkeun leungeun, ngadaroa ka Allah.

³²(68-33) Sanggakeun nyanyian ka Allah, he karajaan-karajaan di dunya, sanggakeun pupujian ka PANGERAN,

³³(68-34) ka Mantenna, anu nitih langit jaman purba. Gederkeun surak ka Mantenna sing tarik.

³⁴(68-35) Embarkeun kakawasaan Allah, kadaulatana-Na anu ngauban Israil, kadigjayaana-Na di langit.

³⁵(68-36) Matak bengong nalika Allah kaluar ti jero kasuciana-Na, Mantenna, Allah Israil! Mantenna maparin kakuatan jeung kakawasaan ka umat-Na. Puji Allah!

69¹(69-1) Pikeun pamingpin biduan, nurutkeun lagu Kembang Bakung. Ti

Daud. (69-2) Nun Allah, salametkeun abdi,
cai parantos semet beuheung abdi,

²(69-3) abdi parantos meh tilelep dina
leutak, teu aya tincakeun anu teuas. Abdi
tikerelep ka cai jero, ngaleong kabantun
ombak.

³(69-4) Ngoceak taya pedahna, tikoro
kantun peuyeuhna, panon cape ngalieukan
pitulung Gusti.

⁴(69-5) Anu ngarewaeun ka abdi teu
puguh-puguh seueurna alah batan buuk dina
sirah. Maranehna ngomongkeun anu teu
bener perkawis abdi. Maranehna kuat, sareng
ngarah maehan abdi. Abdi ku maranehna
dipaksa kedah mulangkeun barang anu sanes
kenging maling.

⁵(69-6) Nun Allah, Gusti tingali kana
kabodoan abdi, kalepatan abdi di payuneun
Gusti teu aya nu buni.

⁶(69-7) Nun PANGERAN Nu Maha Agung
sareng Nu Maha Kawasa, mugi anu maruntang
ka Gusti, ulah dugi ka kaisinan tina lantaran
abdi; mugi abdi ulah jadi matak aeb ka
jalmi-jalmi anu nyaluuh ka Gusti, nun Allah
Israil!

⁷(69-8) Da pang abdi pada ngahina teh ku
karana Gusti. Ku karana Gusti abdi nandang
kahinaan.

⁸(69-9) Ku baraya dijieun deungeun, ku
dulur saindung teu diwawuhan.

⁹(69-10) Kacintaan abdi ka Bait Gusti
lir seuneu ngarerab hate; pamoyok anu
dibaledogkeun ka Gusti, keunana ka abdi.

¹⁰(69-11) Abdi puasa ngasorkeun maneh
anggur pada ngahinakeun.

¹¹(69-12) Dangdan ku pakean
kasungkawaan, anggur pada
nyeungseurikeun.

¹²(69-13) Di jalan-jalan abdi teh pada
ngobrolkeun, ku pamabokan dipake
ceuceuleuweungan.

¹³(69-14) Nanging abdi gaduh paneda ka
Gusti, nun PANGERAN, mugi diwaler ari
parantos waktosna. Mugi dimakbul, demi
rosana kanyaah Gusti, demi kasatiaan jangji
Gusti yen bade nyalametkeun.

¹⁴(69-15) Jait abdi, ulah dugi ka tilelep
dina ieu embel, lputkeun ti musuh-musuh,
hanjatkeun ti jero leuwi.

¹⁵(69-16) Ulah dugi ka abdi kagulung ku
caah, atanapi kaceot ka jero leuwi, atanapi
tilelep ka jero kubur.

¹⁶(69-17) Waler, nun PANGERAN, margi
Gusti teh lautan asih, reh Gusti teh sipat
welas.

¹⁷(69-18) Ulah nyumput ti abdi Gusti. Abdi
sakieu cilakana, mugi Gusti enggal ngawaler!

¹⁸(69-19) Enggal geura sumping
nyalametkeun, lputkeun abdi ti musuh-
musuh.

¹⁹(69-20) Gusti uninga kumaha abdi
dihinana, pada moyok, pada nganistakeun;
musuh-musuh abdi ku Gusti kauninga.

²⁰(69-21) Pamoyokna ngagerihan kana
hate, matak pegat harepan; ngarep-ngarep
aya nu ngaraskeun, luput, ngarep-ngarep
panglipur, lebeng.

²¹(69-22) Ana lapar anggur disodoran
racun, ana halabhab anggur diasongan cuka.

²²(69-23) Muga-muga perjamuan
maranehna sing jadi mamala, hahajatanana
sing nyilakakeun dirina.

²³(69-24) Lolong-lolongkeun panonna,
leuleus-leuleuskeun tonggongna!

²⁴(69-25) Tumblekkeun amarah Gusti,
tamplokkeun kajengkel Gusti ka maranehna.

²⁵(69-26) Padumukanana sina saruwung,
kemah-kemahna sina parongpong.

²⁶(69-27) Margi maranehna nganiaya jalma
anu ku Gusti disiksa, nganyenyeri ka nu ku
Gusti dirangket.

²⁷(69-28) Catet sadaya kajahatanana, ulah
dipaparin salamet.

²⁸(69-29) Ngaran-ngaranna pareuman tina
kitab nu harirup, ulah didaptarkeun dina
daptar umat Gusti.

²⁹(69-30) Nanging abdi teh keur nyeri,
seep harepan, angkat abdi teh, nun Allah,
salametkeun!

³⁰(69-31) Kaula rek muji ka Allah ku hiji
lagu ngamulyakeun Mantenna ku ngucap
sukur.

³¹(69-32) Eta bakal leuwih kamanah ku
PANGERAN ti batan ngurbankeun sapi, ti
batan ngurbankeun sapi jalu nu geus gede.

³²(69-33) Ana hal eta katangen ku nu
balangsak, tangtu barungaheun, sakur nu
ibadah ka Allah tangtu hatena reugreug.

³³(69-34) Karana PANGERAN tangtu
ngamakbul ka nu walurat, tur moal tega ka
umat-Na di jero panjara.

³⁴(69-35) Puji Allah, he langit jeung bumi,
lautan katut mahluk-mahluk laut!

³⁵(69-36) Mantenna tangtu ngarahayukeun
Yerusalem, ngadegkeun deui kota-kota tanah
Yuda, sangkan dicicingan ku umat-Na sarta
jadi milikna,

³⁶(69-37) bakal jadi warisan turunan
abdi-abdi Mantenna, sarta jadi pamatuhan
sakur nu nyaah ka Allah.

70¹(70-1) Pikeun pamingpin biduan. Ti
Daud, waktu anjeunna nyanggakeun
kurban panarima. (70-2) Nun Allah, abdi
salametkeun! Nun PANGERAN, enggal abdi
tulungan!

²(70-3) Mugi-mugi eta anu harayangeun
maehan abdi teh elehkeun, guyurkeun. Eta
anu aratoheun ku katunggaraan abdi teh sina
alundur, sina areraeun.

³(70-4) Mugi eta anu nyaleungseurikeun ka abdi teh sina areleh, sina tagiwur.

⁴(70-5) Dupi nu nyarembah ka Gusti, sina barungah, sina garerah. Sakur anu narimakeun kana kasalametan ti Gusti ngucap, "Maha Agung PANGERAN!" teu kendat-kendat.

⁵(70-6) Dupi abdi, nu teu daya teu upaya, mugi ku Gusti enggal dilayad! Gusti teh jurusalamet, PANGERAN abdi. Enggal abdi tulungan!

71 ¹Nun PANGERAN, abdi dongkap nyuhunkeun dibelaan; mugi ulah dikajeunkeun!

²Demi Gusti teh adil, mugi abdi dijait, dibebaskeun; mugi kersa ngadangu, abdi tulungan.

³Sing jadi panyalindungan sareng benteng anu kuat, tempat abdi ngaub. Gusti teh pangungsian sareng pertahanan abdi.

⁴Nun Allah, leupaskeun abdi ti jalma-jalma jahat, ti nu daroraka, karuat sareng telenges.

⁵Gusti teh pangharepan abdi, nu ku abdi dipuntangan ti ngongora, nun PANGERAN Nu Maha Agung.

⁶Gusti panyaluuhan abdi saumur-umur, nya Gusti nu jadi pitulung ti wangkid abdi lahir. Bade sapapaosna abdi ngamulyakeun ka Gusti.

⁷Ka jalma rea hirup abdi kantos jadi tuladan, margi Gusti jadi benteng abdi nu tohaga.

⁸Abdi moal kendat-kendat muji ka Gusti,
saban dinten sumeja ngagungkeun.

⁹Abdi ulah dipiceun dumeh parantos kolot,
ulah ditilar dumeh parantos taya tanaga.

¹⁰Abdi teh diomong-omongkeun ku musuh,
dibadamikeun ku anu nariat maehan.

¹¹Carekna, "Eta jalma geus ditundung ku
Allah, urang udag, urang tewak, da moal aya
nu nulungan."

¹²Nun Allah, ulah tebih ti abdi, enggal abdi
tulungan, nun Gusti!

¹³Sing eleh, sing tumpur eta anu ngarah
ka abdi teh. Sing areraeun, sina nandang
hina, nu nyiar picilakaeun abdi, eta anu bade
nyarilakakeun ka abdi teh.

¹⁴Dupi abdi moal weleh ngarep-ngarep ka
Gusti bade wuwuh-wuwuh muji ka Gusti.

¹⁵Bade nyanggemkeun kasaean Gusti
sadinten jeput bade nyarioskeun kasalametan
ti Gusti, sanaos hal eta teu kahontal ku akal
abdi.

¹⁶Kadigjayaan PANGERAN Nu Maha Agung
sumeja dimashurkeun, nya kasaean Gusti
anu bade dipuji-puji teh.

¹⁷Gusti anu ngatik abdi ti leuleutik, dugi ka
kiwari abdi tetep nguarkeun karya Gusti anu
araheng.

¹⁸Ayeuna abdi parantos kolot cetuk huis,
mugia ku Gusti ulah ditilar, nun Allah!
Sarengan abdi ari keur nyanggemkeun

kakawasaan sareng kadigjayaan Gusti ka sakumna turunan nu bakal datang.

¹⁹Kaadilan Gusti maratan langit, Gusti parantos midamel perkawis anu aragung, teu aya anu mapakan ka Gusti.

²⁰Gusti nu ngersakeun abdi nandangan rupi-rupi rerepit sareng pakewuh, Gusti keneh anu baris mulihkeunana, Gusti nu bakal ngajagi abdi ti kubur.

²¹Gusti nu bakal ngangkat deui darajat abdi, langkung ti kapungkur, Gusti tangtos kersa deui ngalilipur.

²²Abdi bade muji dibarengan ku ngacapi muji kasatiaan Gusti, Allah abdi, sumeja ngacapi nyanggakeun kidung pamuji ka Gusti, Maha Suci Allah Israil.

²³Bari nabeuh bade dikawihan masing tarik, nyanyi sataker tanaga reh ku Gusti parantos dirahayukeun.

²⁴Sadinten jeput bade nyanggem-nyanggemkeun kaadilan Gusti, reh anu bade nyarilakakeun ka abdi parantos areleh sarta nandangan hina.

72¹Ti Suleman. Nun Allah, wulangkeun hukum Gusti ka raja kaadilan Gusti paparinkeun ka anjeunna,

²supados adil ngurusna ka umat Gusti, sangkan leres ngurusna ka nu sangsara.

³Mugia nagri makmur santosa sareng sing nyumiratkeun kaadilan.

⁴Sang raja mugia rumaksa ka nu balangsak, bumela ka nu walurat, sareng numpes tukang nindes.

⁵Sapanjang panonpoe sareng bulan gumelar, umat sing turun-tumurun ngesto ka Gusti.

⁶Mugia raja teh sing saibarat hujan nyiram lahan-lahan, lir ngijih nyiraman bumi.

⁷Sapanjang jumenengna muga mekar kaadilan, muga makmur sapanjangna, tinanding umurna bulan.

⁸Karajaanana sing murba ti laut ka laut, ti Eprat dugi ka tungtung jagat.

⁹Urang gurun keusik masing tunduk ka anjeunna, musuh-musuhna masing sarujud.

¹⁰Raja-raja Sepanyol sareng anu ti pulo-pulo, sing carunduk nyaranggakeun pangabakti, raja-raja Arab sareng Etiopia caraos upeti.

¹¹Raja-raja sadayana bakal dareku ka anjeunna, bangsa-bangsa sadayana sami kumawula.

¹²Anjeunna rumawat ka nu walurat, anu nyambat ka anjeunna; nyaah ka nu balangsak, jeung nu kalantar.

¹³Asih ka nu miskin, nyaah ka nu lemah nangtayungan hirupna anu sangsara.

¹⁴Maranehna diluputkeun tina panggencet jeung katelengesan, nyawa maranehna ku raja dianggap mulya!

¹⁵Dirgahayu raja! Sing disebaan emas ti tanah Arab, sing pada ngadoakeun salilana, sing dirahmat ku Allah sapapanjangna!

¹⁶Mugia nagri pinuh ku gandum, pasir-pasirna kaamparan pepelakan, laleubeut buahanana kawas anu di Libanon. Kota-kotana masing gegek ku jelema, lir tegal pinuh ku jukut.

¹⁷Jenengana sing tetep kawangi-wangi, kawentar mashur sapanjang surya gumelar. Mugia sakumna bangsa marenta diberkahan ku Allah, cara ngaberkahan ka raja.

¹⁸Puji PANGERAN Allahna Israil! Ngan Mantenna nyalira anu ngadamel saniskara mujijat.

¹⁹Puji jenengana-Na nu agung, salalanggengna! Kamulyaan Mantenna sing minuhan jagat. Amin! Amin!

²⁰Kitu ungel panutup paneda-paneda Daud putra Isai.

73¹Jabur Asap. Sabenerna, Allah teh nyaah ka Israel, nyaah ka sakur nu beresih hate.

²Tapi kaula kungsi bingbang kana hal eta, kapercayaan meh luntur,

³Iantaran kaula teh panas ka nu karumaki, dumeh nu daroraka teh sararenang hirupna.

⁴Tara katarajang ku kanyeri, awakna karuat, sarehat.

⁵Tara meunang papait cara nu sejen, tara meunang kasusah cara nu rea.

⁶Kasombonganana lir geus ngongkorong,
kate lengesanana enggeus ngabaju,

⁷hatena mudalkeun kadorakaan, pikiranana
pinuh ku niat jahat.

⁸Resep nyeungseurikeun batur, ucapna
jarahat, takabur jeung resep ngagencet batur.

⁹Maranehna ngahujat Allah di sawarga gede
rahul ka manusa di bumi.

¹⁰Ku hal eta, umat Allah ge jadi bariluk,
ngarandeleun kana caritaan maranehna.

¹¹Majar, "Moal kauninga ku Allah, moal
katohyan ku Nu Maha Agung."

¹²Kitu kaayaanana eta anu daroraka teh,
hirupna sarenang, malah beuki baleunghar.

¹³Jadi percumah kaula hirup beresih, teu
guna ngajauhan dosa oge.

¹⁴Nun Allah, sadinten jeput Gusti nyangsara
abdi, unggal enjing Gusti nyiksa.

¹⁵Nanging upami abdi nyanggem kitu, atuh
sanes jadi umat Gusti deui.

¹⁶Nu mawi eta teh sok haben dipikiran,
nanging sualna abot teuing keur abdi mah.

¹⁷Tungtungna abdi asup ka Bait Gusti,
nembe ngartos bakal kumaha engkena eta nu
jarahat teh.

¹⁸Maranehna baris ditempatkeun di nu
laleueur, sina lalabuh carilaka.

¹⁹Ku Gusti ditumpur sakedat netra, kitu
tungtung panganggeusanana, pikagimireun.

²⁰Sapertos impian, bray isuk teh buyar;
barang Gusti cengkat, les maranehna musna.

²¹ Waktos keur ngarasa jengkel sareng hate asa karerab,

²² harita abdi teh bodo sapertos sato, tina teu ngartos ku Gusti.

²³ Mung saena abdi tetep montel ka Gusti, sarta leungeun abdi ku Gusti dicepeng.

²⁴ Ku Gusti ditungtun dinasehatan sangkan ahirna tiasa ditampi kalayan hormat.

²⁵ Saha deui kagaduh abdi di sawarga, kajabi Gusti? Di dunya ge hoyong naon deui, da parantos gaduh Gusti.

²⁶ Najan jiwa raga abdi lemah, nanging Allah anu jadi kakiatan abdi. Anu dipikabutuh ku abdi salalamina mung Gusti.

²⁷ Sing saha anu ninggalkeun Gusti, tangtos cilaka. Sing saha anu teu satia ka Gusti, ku Gusti baris dibasmi.

²⁸ Jadi keur kaula mah raket ka Allah teh kacida hadena; ka PANGERAN Nu Maha Agung kaula seja nyalindung sarta ngawartakeun sagala padamelana-Na.

74 ¹Lagu atikan ti Asap. Nun Allah, naon margina nilarkeun abdi sadaya? Bade salamina bendu ka umat teh?

²Mugi sing emut ka umat anu ku Gusti dipilih ti jaman kapungkur, kenging Gusti ngarebut ti pangbudakan, teras dijadikeun milik Gusti. Sing emut ka Sion, tempat Gusti kapungkur.

³Mangga ku Gusti tingalian ruruntukna, eusi Bait Gusti reksak urut digempur ku musuh.

⁴Di Bait Gusti musuh teh sarurak,
nanjurkeun banderana ciri unggulna.

⁵Pametana badis tukang nuar anu keur
naluaran tatangkalan ku kampak.

⁶Ukir-ukiran kayu remuk ajur dikampakan
sareng digedoran ku palu.

⁷Bait Gusti diburak-barik teras diduruk,
tempat babakti ka Gusti teh dinistakeun.

⁸Karepna ngancurkeun abdi-abdi sama
sakali; tempat-tempat ibadah di ieu tanah ku
maranehna didurukan dugi ka seep.

⁹Lambang-lambang karamat sadayana
sirna, nabi-nabi pon kitu deui, dugi ka iraha
teras kituna teu aya nu terang.

¹⁰Sakumaha pilamieunana musuh-musuh
nyeungseurikeun ka Gusti, nun Allah? Bade
sina saterasna ngahinana ka Gusti?

¹¹Naon margina Gusti teu kersa nulungan,
anggur ngagandong panangan?

¹²Gusti teh, nun Allah, raja abdi sadaya ti
awalna, anu parantos sering nyalametkeun
abdi sadaya.

¹³Kalayan tanaga rongkah Gusti meulah laut
sareng ngaremukkeun hulu naga-naga laut.

¹⁴Hulu-hulu mahluk Lewiatan oge ku Gusti
diremukkeun, bangkena diparabkeun ka
sato-sato gurun keusik.

¹⁵Cinyusu-cinyusu, susukan-susukan, ku
Gusti sina ngalocor, walungan anu arageung
sina saraat.

¹⁶Gusti ngayakeun beurang sareng peuting masangkeun panonpoe sareng bulan dina tempatna.

¹⁷Gusti nangtoskeun wawatesan bumi alam, sareng ngatur usum ngijih katut usum halodo.

¹⁸Sing emut, Gusti teh diseungseurikeun ku musuh, nun PANGERAN, eta bangsa tuna Allah teh nyacampah ka Gusti.

¹⁹Umat Gusti anu teu walakaya teh ulah diserenkeun ka musuh nu telenges; Gusti ulah lali ka maranehna anu keur balangsak!

²⁰Masing emut kana jangji ka abdi-abdi. Jero nagri, saban pojok nu paroek jadi tempat kakerasan.

²¹Mugi anu nuju disangsara teh ulah dugi ka nyandang kaera, anu laip sareng walurat teh anggur sina maruji ka Gusti.

²²Geura ngadeg, nun Allah, bela perkawis Gusti! Sing emut, Gusti teh sadinten jeput dihina-hina ku eta bangsa nu tuna Allah.

²³Ulah lali kana panangtangna musuh, anu tinggorowok susumbar teu eureun-eureun.

75¹(75-1) Pikeun pamingpin biduan. Cara lagu: Ulah ngabasmi. Jabur Asap. Lagu. (75-2) Abdi-abdi muji sukur, nun Allah, muji sukur! Abdi-abdi ngabewarakeun kaagungan Gusti,

²(75-3) Allah ngandika, "Kami geus nangtukeun waktu pangadilan, Kami rek ngahakiman kalawan adil.

³(75-4) Najan bumi gunjang-ganjing katut nu ngeusianana, Kami tetep mageuhkeun pademenna."

⁴(75-5) Nu jarahat ku Kami dicarek ulah aradigung;

⁵(75-6) maranehna teu meunang nyombong deui.

⁶(75-7) Datangna putusan pangadilan lain ti wetan atawa ti kulon, lain ti kidul atawa ti kaler.

⁷(75-8) Anu jadi hakim teh nya Allah, ngahukum nu itu, ngabebaskeun nu ieu.

⁸(75-9) Panangan PANGERAN nyepeng hiji lumur; dieusi anggur keras, anggur kabendu-Na. Seug dicicikeun, sina diarinum ku nu jarahat, ku maranehna diarinum nepi ka beak.

⁹(75-10) Ari kaula moal eureun-eureun nyaritakeun hal Allahna Yakub, moal eureun muji ngagungkeun Mantenna.

¹⁰(75-11) Kakuatan nu jarahat ku Mantenna bakal diremukkeun, kakuatan anu balener disina beuki kuat.

76 ¹(76-1) Pikeun pamingpin biduan. Dipirig ku kacapi. Jabur anggitan Asap. Pupujian. (76-2) Allah kamashur di Yuda, jenengana-Na dimulyakeun di Israil.

²(76-3) Mantenna kagungan tempat di Yerusalem, sarta jumeneng-Na di Gunung Sion.

³(76-4) Di dinya Mantenna ngaririkes panah-panah musuh, tameng jeung pedang, cindekna sakabeh parabot perangna.

⁴(76-5) Kalintang agungna Gusti teh, nun Allah! Estu mulya Gusti mulih ti pagunungan tas ngelehkeun musuh.

⁵(76-6) Baladna anu garagah parantos dirangsadan, parantos harees moal harudang deui, kagagahan sareng kaahlian perangna taya pedahna.

⁶(76-7) Barang ku Gusti dihaok, nun Allahna Yakub, kuda sareng anu tarumpakna maraot tingjarungkel.

⁷(76-8) Gusti dipikagimir ku sadayana, nun PANGERAN, ana Gusti parantos bendu, taya nu tagen nyanghareupan.

⁸(76-9) Gusti ngumumkeun putusan hukum ti sawarga, bumi ngeleper, jep jempling,

⁹(76-10) waktos Gusti ngadeg bade ngumumkeun putusan hukum, yen bade ngajait anu digencet di bumi.

¹⁰(76-11) Jalmi-jalmi bengis ge ka Gusti maruji; anu saralamet tina perang marilu mestakeun Gusti.

¹¹(76-12) Geura tedunan jangji maraneh ka PANGERAN, Allah maraneh. Sanggakeun pangabakti ka Mantenna, he bangsa-bangsa nu dareukeut! Allah teh pikagimireun manusa.

¹²(76-13) Anak-anak raja nu aradigung ku Mantenna diteundeutkeun, raja-raja gede disina galimireun.

77 ¹(77-1) Pikeun pamingpin biduan.
Make lagu Yedutun. Jabur Asap. (77-2)
Kaula sasambat tarik ka Allah sasambat tarik
pisan, seug kadangueun.

²(77-3) Dina waktu sumpeg, kaula
neneda ka Pangeran, sapeupeuting neneda
namprakkeun leungeun, tapi hate teu daek
paler.

³(77-4) Ari inget ka Allah, kaula ngarenghap,
ari keur tapakur hate ngarasa lesu.

⁴(77-5) Sapeupeuting kaula ku Mantenna
disina nyaring. Kacida bingungna nepi ka teu
kecet-kecet.

⁵(77-6) Inget ka poe-poe nu geus kaliwat,
inget ka taun-taun anu geus kalarung;

⁶(77-7) sapeupeuting mikir jero, bari
ngaheneng seug nanya maneh:

⁷(77-8) "Rek terus bae kitu PANGERAN teh
nampik, teu kersa nyoreang deui?

⁸(77-9) Geus teu mikanyaah deui? Geus
lesot tina jangji-Na?

⁹(77-10) Naha geus lali kitu Allah teh kana
welas asih? Naha bendu, nepi ka teu kersaeun
mikawelas?"

¹⁰(77-11) Heug bae kaula ngomong kieu,
"Ieu anu pangkanyerieunana Allah geus teu
kawasa deui."

¹¹(77-12) Abdi bade ngemut-ngemut
karya Gusti nu aragung, nun PANGERAN,
bade ngeling-ngeling mujijat-mujijat Gusti
kapungkur.

¹²(77-13) Abdi bade mikiran sagala padamelan Gusti sareng ngalenyepan karya-karya Gusti anu harebat.

¹³(77-14) Nun Allah, padamelan Gusti sadayana suci. Teu aya deui nu agung sapertos Gusti.

¹⁴(77-15) Nya Gusti pisan Allah teh, nu kawasa midamel mujijat-mujijat, kakawasaan Gusti kagurnita ka bangsa-bangsa.

¹⁵(77-16) Gusti digjaya ngajait umat, turunan Yakub sareng Yusup.

¹⁶(77-17) Cai ngadegdeg barang ningal ka Gusti, kacida sieuneunana, nun Allah, dasar sagara mingsir gimireun.

¹⁷(77-18) Mega-mega ngucurkeun hujan, gelap tingbeledag di langit, kilat sasamber ka ditu ka dieu.

¹⁸(77-19) Guludug tinggeleger tinggulugur, kilat-kilatna nyaangan jagat, bumi ngageter ngadegdeg.

¹⁹(77-20) Gusti angkat napak ombak, laut dipeuntasan, nanging tapak Gusti ngadampal henteu katara.

²⁰(77-21) Gusti nuyun ka umat lir hiji pangangon, ku perantawis Musa sareng Harun.

78¹Lagu atikan ti Asap. Bandungan, he umat, regepkeun ieu piwuruk, regepkeun ieu pepeling kami.

²Kami rek ngucapkeun siloka, ngaguar rasiah alam baheula,

³hal-hal anu urang geus ngadenge, geus nyaho tina carita karuhun urang.

⁴Ka anak incu nu ayeuna, mo aya nu dikilungan, nya kitu deui ka turunan anu engke, kumaha mashurna PANGERAN, dadamelana-Na, pangawasa-Na, jeung mujijat-mujijat-Na, anu geus dipidamel ku Mantenna.

⁵Mantenna ka Israil geus maparin hukum, ka turunan Yakub maparin papakon. Mantenna nimbalan ka karuhun urang, yen ieu hukum kudu diajarkeun ka anak-anakna;

⁶malar turunan ieu ngajarkeun ka anu pandeuri, sarta ku ieu ge kudu diajarkeun ka anak-anakna.

⁷Ku jalan kieu maranehna ge bakal nanjurkeun harepan ka Allah, jeung moal paroho kana sagala pitulung-Na, sabalikna bakal taat kana parentah Mantenna, salilana,

⁸ulah cara karuhun-karuhunna, resep ngalawan, basangkal, henteu pangger pangandelna ka Allah, teu ceehan satiana ka Mantenna.

⁹Urang Epraim, sakitu marawa gondewa jeung jamparing, ari der perang mah jicir.

¹⁰Maranehna henteu tigin kana jangjina ka Allah, teu narurut kana hukum Mantenna,

¹¹sarta mopohokeun damel katut mujijat-mujijat, nu ku Mantenna geus dipintonkeun.

¹²Karuhunna ku Mantenna ditembongan mujijat-mujijat, di dataran Soan wewengkon Mesir.

¹³Laut ku Mantenna dibeulah, maranehna dipeuntaskeun, nincak laut anu caina jadi ngadingding kawas tembok.

¹⁴Ti beurang dituyun ku mega, ti peuting ku gebrayna cahaya tina hiji tihang seuneu.

¹⁵Batu-batu cadas di gurun keusik ku Mantenna dibeulah, bijil cai, maranehna nginum saseubeuhna,

¹⁶cai ti jero cadas teh terus ngocor, mani kawas walungan bae.

¹⁷Tapi maranehna haben bae dosa ka Allah, di gurun keusik teh ngalawan ka Nu Maha Agung,

¹⁸ngahaja ngadoja ka Allah, marenta dahareun kahayangna.

¹⁹Tinggelendeng ngomongkeun ka Allah, "Iasaeun Allah ngayakeun dahareun di gurun keusik?

²⁰Memang Mantenna meupeuh cadas bijil cai, terus ngagolontor jadi susukan, cik iasaeun ngayakeun roti jeung daging keur umat-Na?"

²¹Ngadangu kitu PANGERAN bendu, seug umat-Na teh diruksak ku seuneu. Pohara benduna ka maranehna,

²²Iantaran teu tarigin ka Mantenna, teu palercayaun yen Mantenna baris nulung.

²³Ti dinya Mantenna nimbalan ka langit,
miwarang mukakeun lawang-lawangna;

²⁴Mantenna nurunkeun gandum ti sawarga,
nya eta manna, keur dahareun maranehna.

²⁵Jadi maranehna ngadahar kadaharan
para malaikat, sapamenta maranehna
dipaparinkeun.

²⁶Sarta Mantenna miwarang angin wetan
ngahiuk, sarta ku pangawasa-Na angin kidul
ngagelebug,

²⁷ngintun manuk ka umat-Na, lobana
tanding keusik di basisir,

²⁸murubut ka tengah pasanggrahanana di
sakuliah tempat maranehna.

²⁹Umat-Na disina sareubeuh dahar,
sakahayangna ditumutkeun.

³⁰Tapi tacan ge puas napsu maranehna,
sabot keur dalahar keneh,

³¹geus matak bendu PANGERAN. Heug
jelema-jelema anu pangbaredasna,
pamuda-pamuda Israil, ku Mantenna
dibinasa.

³²Tapi maranehna taya kakapok, doraka teu
euih-euih, teu ngarandel bae kana kaajaiban
Mantenna.

³³Anu matak umurna ku Mantenna
dianggeuskeun, lir napas sarenghap, tumpes
dadak sakala.

³⁴Upama ku Allah geus aya nu dibinasa,
kakara areling ka Mantenna, nembongkeun
pertobat jeung sasambat.

³⁵ Kakara areling yen Allah teh
panyalindunganana, yen Nu Maha
Kawasa teh panulung maranehna.

³⁶ Tapi ngakuna kitu teh ngan semet biwir,
teu terus jeung hate.

³⁷ Saenya mah maranehna teu saratia,
henteu tigin kana jangjina ka Mantenna.

³⁸ Tapi Allah mah mikawelas ka umat-Na.
Dosa-dosana dihampura, maranehna henteu
dibinasa. Sering pisan Mantenna mengkek
bendu-Na, nahan wera nu ngagegedur;

³⁹ reh kaemut, yen maranehna teh mahluk
teu langgeng teu beda ti angin, geus ngaliwat
terus musna.

⁴⁰ Di gurun keusik sering pisan ngalawan,
sering nganalangsakeun manah-Na.

⁴¹ Pek deui, pek deui ngadoja ka Allah,
ngajaheutan galih Nu Maha Suci Allahna
Israil.

⁴² Parohoeun kana kakawasaan Mantenna,
parohoeun waktu maranehna dileupaskeun ti
musuh-musuhna,

⁴³ parohoeun kana kadigjayaan jeung mujijat
Mantenna di dataran Soan wewengkon Mesir.

⁴⁴ Mantenna ngarobah cai walungan-
walungan jadi getih, nepi ka urang Mesir teu
baroga cai keur nginum.

⁴⁵ Mantenna ngadatangkeun laleur, nyiksa
urang Mesir, geus kitu tanahna sina diruksak
ku bangkong.

⁴⁶ Mantenna ngadatangkeun simeut,
meakkeun panenna, ngaruksakkeun
lahan-lahanna.

⁴⁷ Mantenna numpurkeun pelak anggur
maranehna ku hujan buah tangkal-tangkal
kormana bungbang ku hujan es.

⁴⁸ Mantenna maehan sasatoan urang Mesir
ku hujan es, maehan pipiaraanana sina
disamberan ku gelap.

⁴⁹ Mantenna ngalantarankeun maranehna
susah gede, ditarajang ku amarah jeung
napsu Mantenna anu ngagedur, anu datangna
lir para malakal maot.

⁵⁰ Mantenna masih keneh tuluy bendu-Na,
henteu lebareun ku nyawa maranehna, anu
tuluy dibasmi ku hiji pagebug.

⁵¹ Mantenna maehan anak-anak cikal,
sakabeh cikal unggal kulawarga urang Mesir.

⁵² Geus kitu Mantenna nuyun umat-Na
kaluar, lir hiji pangangon. Maranehna dituyun
ngambah gurun keusik.

⁵³ Umat-Na diaping, aman teu aya kasieun;
ari musuh-musuhna mah tumpur kagulung
ku laut.

⁵⁴ Umat-Na dicandak ka tanah kagungana-
Na nu suci, ka tanah pagunungan beunang
Mantenna ngajabel.

⁵⁵ Urang dinyana diusiran ku Mantenna
samemeh umat-Na narepi. Tanahna
dibagikeun ka kaom-kaom Israil, imah-
imahna diserenkeun ka umat-Na.

⁵⁶Tapi umat-Na anggur ngaralawan, ngadoja ka Allah Nu Maha Kawasa, henteu narurut kana parentah-Na,

⁵⁷alalingkar, teu satia, teu beda ti karuhunna, kawas jamparing bengkung teu bisa dipercaya.

⁵⁸Narangtang ka Allah ku nyarembah ka brahala nyarieun arca sesembahan, matak jaheut ka Mantenna.

⁵⁹Ningali kitu Allah teh bendu, umat-Na ditolak sama sakali.

⁶⁰Kemah kagungana-Na di Silo, tempat linggih-Na di tengah manusa ditilar.

⁶¹Peti Perjangjian lambang kakawasaan jeung kamulyaana-Na, ku Mantenna diantep dirampas ku musuh.

⁶²Awahing ku bendu, umat-Na diantep diparaehan ku musuh-musuhna.

⁶³Para pamudana tariwas di pangperangan, para mojangna teu aya nu ngawin.

⁶⁴Imam-imam tariwas ku pedang, randa-randana teu meunang nyaleungceurikan.

⁶⁵Ti dinya PANGERAN ngorejat, lir nu gugah tina kulem, lir jalma gagah anu kahudang wawanen ku anggur.

⁶⁶Musuh-musuh-Na dipukul mundur, areleh nepi ka salilana nandangan kaera.

⁶⁷Tapi Mantenna nolak turunan Yusup jeung teu kersaeun milih kaom Epraim.

⁶⁸Mantenna anggur milih kaom Yuda jeung Gunung Sion, kameumeut-Na.

⁶⁹ Di dinya Mantenna ngadegkeun Bait-Na
kawas panglinggihana-Na nu di sawarga,
tohangana satohaga bumi, reugreug pageuh
sapapanjangna.

⁷⁰ Mantenna milih abdi-Na, Daud, dicandak
ti pangangonan.

⁷¹ Tina purah ngurus domba, Daud ku
Mantenna dijieun raja Israil, anu ngangon
umat Allah.

⁷² Umat Allah teh ku Daud diurus kalawan
hade, diaping dijaring kalayan binangkit.

79 ¹Jabur Asap. Nun Allah, tanah Gusti
diranjah ku bangsa pamuja brahala,
Bait Gusti anu suci ku maranehna dinajiskeun,
Yerusalem diubrak-abrik.

² Mayit-mayit umat Gusti, ku maranehna
diparabkeun ka manuk nasar, layon para
kawula Gusti teh jadi parab sato alas.

³ Sakuliah Yerusalem banjir getih umat
Gusti, getih lir cai ngocor, sareng mayit-mayit
teu aya nu ngaruang.

⁴ Ku bangsa-bangsa tatangga dipupuas,
disaleungseurikeun dihina-hina.

⁵ Nun PANGERAN, naha bade haben bae
bendu, ngagegedur sapertos seuneu?

⁶ Bendu teh mending ka bangsa-bangsa
anu henteu ngabakti, ka anu tara neneda ka
Gusti.

⁷ Lantaran eta teh parantos maehan umat
Gusti, ngaburak-barik lemah caina.

⁸Mugi abdi-abdi ulah dihukum ku karana dosa karuhun, mugi aya sih piwelas, abdi-abdi parantos putus harepan.

⁹Demi kahormatan Gusti ku manten, nun Allah, mugi-mugi abdi ditulung, salametkeun, mugi jait, sareng hapunten kalelepatan.

¹⁰Naon margina eta bangsa-bangsa diantep hahaok: "Cing mana Allah maneh teh?" Mugi maranehna dihukum, bales eta nu parantos ngocorkeun getih umat Gusti teh.

¹¹Dangu haregungna nu dipanjara; kawasa Gusti nu rongkah, anggo ngaluputkeun sakur anu pasti bakal diparaahan.

¹²Bales eta bangsa-bangsa sejen teh tujuh kalieun, balikkeun panghina pamoyokna ka Gusti.

¹³Sangkan abdi-abdi, umat kagungan, domba-domba Gusti, tiasa muji sukur ka Gusti sapapaosna, turun-tumurun muji kamashuran Gusti.

80¹(80-1) Pikeun pamingpin biduan. Cara lagu Kembang Bakung. Panaksen Asap. Jabur. (80-2) Nun Gusti Pangangon Israil, nun panungtun pakumpulan, dangukeun. Nun anu linggih dina tahta luhureun mukarabin,

²(80-3) ebrehkeun salira Gusti ka kaom-kaom Epraim, Binyamin sareng Menase. Pintonkeun kakawasaan, jait abdi sadaya.

³(80-4) Pulihkeun abdi sadaya, nun Allah! Sing welas ka abdi-abdi, tangtos abdi-abdi salamet.

⁴ (80-5) Nun GUSTI, Allah Nu Maha Kawasa,
naha bade bendu keneh, ngantep panyambat
umat?

⁵ (80-6) Ku Gusti lir disina dahar kasusah, lir
disina nginum cipanon sacangkir ageung.

⁶ (80-7) Gusti ngajeunkeun tanah
abdi diparebutkeun ku bangsa-bangsa
sakurilingeun, abdi-abdi pada ngahina ku
musuh-musuh.

⁷ (80-8) Pulihkeun abdi sadaya, nun Allah
Nu Maha Kawasa! Sing welas ka abdi-abdi,
tangtos abdi-abdi salamet.

⁸ (80-9) Gusti parantos nyandak hiji tangkal
anggur ti Mesir, ngusiran bangsa-bangsa,
lajeng eta petetan teh dipelak di tanah
maranehna.

⁹ (80-10) Disina ngagedean, tempatna
diberesihan, dugi ka akarna nyaliara ka
sakuliah nagara.

¹⁰ (80-11) Gunung-gunung katutup ku
daunna tangkal-tangkal kiputri raksasa
kahieuman ku dahan-dahanna.

¹¹ (80-12) Dahan-dahanna ngararambat
dugi ka Laut Tengah, pucuk-pucukna dugi ka
Walungan Eprat.

¹² (80-13) Ku naon pagerna ku Gusti
direbahkeun? Buahna seep dipalingan ku nu
laliwat,

¹³ (80-14) diidek-idek ku bagong leuweung,
sareng diranjah ku sato-sato alas.

¹⁴ (80-15) Tingali ieu abdi-abdi, nun Allah
Nu Maha Kawasa! Tingali ti sawarga! Jait ieu
umat Gusti teh!

¹⁵ (80-16) Salametkeun ieu tangkal anggur
pelak Gusti teh, kenging Gusti mulasara dugi
ka gedena.

¹⁶ (80-17) Ayeuna ku musuh diduruk, dituar;
tumpurkeun musuh teh ku bendu Gusti.

¹⁷ (80-18) Umat kenging Gusti milih, bangsa
kenging Gusti nohagakeun, mugi diraksa.

¹⁸ (80-19) Moal deui-deui abdi-abdi nyungkir
ti Gusti, mugi ku Gusti dipaparin hirup,
sumeja muji ka Gusti.

¹⁹ (80-20) Pulihkeun abdi sadaya, nun
GUSTI, Allah Nu Maha Kawasa! Sing welas ka
abdi-abdi, tangtos abdi-abdi salamet.

81 ¹(81-1) Pikeun pamingpin biduan.
Nurutkeun lagu Gitit. Ti Asap. (81-2)
Geura sarurak ngahormat Allah nu ngabela
urang. Geura nyaranyi ka kersa Allahna
Yakub!

²(81-3) Sanggakeun lalaguan, tabeuh
terebang, tabeuh kacapi jeung gambus sing
genah.

³(81-4) Dina bulan anyar jeung bulan
purnama, tiup tarompet urang pesta.

⁴(81-5) Hal eta geus jadi hukum di Israil,
aturan ti Allahna Yakub.

⁵(81-6) Ku Mantenna diparentahkeun ka
umat Israil, mangsa Mantenna narajang
tanah Mesir. Kaula ngadenge hiji soara kieu,

⁶(81-7) "Kami geus ngangkat muatan tina tonggong maraneh, maraneh moal manggulan deui bata.

⁷(81-8) Upama meunang kasukeran, sambat Kami, tangtu dijait, ku Kami tangtu dijawab ti jero guntur panyumputan Kami. Maraneh ku Kami didoja di cinyusu di Meriba.

⁸(81-9) Regepkeun, he umat Kami, Kami rek mepelingan, he Israil, cik masing narurut ka Kami!

⁹(81-10) Maraneh ulah nyembah ka ilah sejen.

¹⁰(81-11) Nya Kami, PANGERAN, Allah maraneh, anu ngabudalkeun maraneh ti Mesir. Geura caralangap, ku Kami rek dihuapan.

¹¹(81-12) Tapi umat Kami teu daek ngadenge, Israil teu nurut ka Kami.

¹²(81-13) Anu matak ku Kami dihajakeun sina neugtreug, diujur kuma karepna.

¹³(81-14) Kacida Kami ngaharepna maranehna daraek ngagugu ka Kami, kacida Kami hayangna maranehna narurut!

¹⁴(81-15) Tangtu musuhna ku Kami gancang-gancang ditalukkeun, sarta lawan-lawanna dielehkeun.

¹⁵(81-16) Anu arijideun ka Kami tangtu mendek hareupeun Kami, galimireun. Baris dihukum saendeng-endeng.

¹⁶(81-17) Ari maraneh mah tangtu ku Kami dibere dahar gandum nu panghadena, sarta diseubeuhan ku madu leuweung."

82 ¹Jabur Asap. Allah mingpin pasamoan sawargawi. Dina eta pasamoan Mantenna mutuskeun kieu:

²"Maraneh ngahakiman teu meunang curang deui, teu meunang deui mihak ka nu jarahat!

³Belaan anu Ialemah jeung barudak yatim, sing adil ka nu mariskin jeung nu sangsara.

⁴Leupaskeun maranehna tina genggeman para durjana.

⁵Maraneh kacida lalaworana, kacida barodona! Geus enya-enya sarerong, nepi ka kaadilan leungit ti alam dunya.

⁶Memang ceuk Kami, Maraneh mahluk-mahluk ilahi, putra-putra Nu Maha Agung.

⁷Najan kitu maraneh ge pipaeheun cara manusa, bakal puput umur cara gegeden lianna."

⁸Geura sumping, nun Allah, ieu bumi teh hakiman, margi sakumna bangsa-bangsa teh nya Gusti nu kagungan.

83 ¹(83-1) Lagu. Jabur Asap. (83-2) Nun Allah, mugi ulah tiis-tiis galih, raos-raos mindel sareng antepan.

²(83-3) Tingali, musuh teh motah, anu careuceub ka Gusti teh barontak,

³(83-4) parantos ngatur siasat, niat ngalawan ka umat Gusti, sakait bade ngarurug umat asuhan Gusti.

- ⁴ (83-5) Maranehna susumbar, "Bangsa Israil urang tumpes sina tong kainget-inget deui."
- ⁵ (83-6) Maranehna parantos sauyunan, parantos ngahiji bade ngalawan ka Gusti.
- ⁶ (83-7) Urang Edom sareng urang Ismail, urang Moab sareng urang Hajar,
- ⁷ (83-8) urang Gebal, urang Amon, sareng urang Amalek, urang Pelisti sareng urang Tirus,
- ⁸ (83-9) malah urang Asur ge ngahiji ka dinya, ngabantu urang Amon sareng urang Moab, turunan Elut.
- ⁹ (83-10) Samikeun nasib maranehna sareng urang Midian, sareng Sisera sareng Yabin di Walungan Kison tea,
- ¹⁰ (83-11) anu ku Gusti parantos dicaremkeun di Endor, mayit-mayitna baruruk jadi taneuh.
- ¹¹ (83-12) Para pamingpinna damel sapertos ka Oreb sareng Seeb, para pangerehna elehkeun sapertos Sebah sareng Salmuna,
- ¹² (83-13) nu susumbar kieu tea, "Tanah Allah urang rampas!"
- ¹³ (83-14) Nun Allah, awut-awut maranehna sina mancawura sapertos lebu, lir huut katebak angin.
- ¹⁴ (83-15) Gusti sing sapertos seuneu ngahuru leuweung, ngagegedag ngaduruk gunung.

¹⁵(83-16) Kebutkeun maranehna ku angin
ribut ti Gusti, reuwaskéun maranehna ku
angin rongkah kagungan Gusti.

¹⁶(83-17) Popokan beungeut maranehanana
ku wiwirang, nun PANGERAN, sina ngaraku
kana kakawasaan Gusti.

¹⁷(83-18) Sina wirang, sina teu eureun-
eureun tagiwur, sina paraeh dina kahinaan.

¹⁸(83-19) Supados maranehna ngarasa, yen
mung Gusti nu jumeneng PANGERAN, anu
murbeng sakuliah jagat.

84 ¹(84-1) Pikeun pamingpin biduan.
Nurutkeun lagu: Gitit. Jabur golongan
Korah. ⁽⁸⁴⁻²⁾ Abdi kalintang nyaahna ka
Bait Gusti, nun PANGERAN, Allah Nu Maha
Kawasa!

²(84-3) Kalintang hayangna cicing di dinya!
Kalintang hayangna aya di Bait PANGERAN.
Jiwa raga nyanyi gumbira ka kersa Allah anu
jumeneng.

³(84-4) Cacakan manuk gareja nyarieun
sayang, kapinis baroga enggon cicing, maliara
anakna teh caket altar-altar Gusti, PANGERAN
Nu Maha Kawasa, Raja sareng Allah abdi.

⁴(84-5) Bagja temen jalma nu matuh di Bait
Gusti, tiasa mumuji ka Gusti sapapaosna.

⁵(84-6) Bagja temen jalma anu kenging
kakiatan ti Gusti, anu hatena kumejot hayang
jarah ka Gunung Sion.

⁶(84-7) Waktos maranehna nyorang Lebak
Baka anu garing, eta tempat teh ngajadi

tempat cinyusu, seueur cai nu ngumplang,
berkah turunna hujan munggaran.

⁷ (84-8) Laleumpangna wuwuh segut, rek
ngadeuheus ka Allah sakabeh ilah di Sion.

⁸ (84-9) Nun GUSTI, Allah Nu Maha Kawasa,
ieu abdi nunuhun, mugi dangukeun, nun
Allahna Yakub!

⁹ (84-10) Nun Allah, mugi raja abdi
diberkahan, raja kenging Gusti milih.

¹⁰ (84-11) Kangge abdi, mending sadinten
aya di Bait Gusti, tinimbang sarebu dinten di
sanes tempat; di Bait Gusti mah kabagian
nangtung di lawangna ge kajeun, tinimbang
kudu sakumbuh jeung nu daroraka.

¹¹ (84-12) PANGERAN teh benteng jeung
raja urang anu mulya, anu maparin kurnia
jeung kamulyaan, anu tara nolak pamenta nu
layak ti sakur jelema nu bener lampahna.

¹² (84-13) Nun PANGERAN Nu Maha Kawasa,
bagja pisan jalmi anu manteng muntang ka
Gusti!

85 ¹(85-1) Pikeun pamingpin biduan.
Jabur golongan Korah. (85-2) Nun
PANGERAN, Gusti parantos mikanyaah ka
tanah kagungan Israil ku Gusti dipaparin deui
karaharjaan;

²(85-3) kadorakaan umat ku Gusti
dihapunten, sagala kalepatanana dipaparin
ampun.

³(85-4) Gusti parantos nyirep kabendu,
mepes wera anu muntab-muntab.

⁴(85-5) Pulihkeun deui abdi sadaya, nun Allah puhu rahayu, ulah kateterasan teu suka ka abdi sadaya!

⁵(85-6) Atanapi, naha bade teras ngabenduan salamina, wera sapapanjangna?

⁶(85-7) Mugi kakiatan abdi-abdi dipulihkeun deui, tangtos abdi-abdi, umat Gusti, bakal maruji sukur.

⁷(85-8) Kaasihan Gusti anu langgeng, larapkeun deui, abdi-abdi paparin kasalametan, nun PANGERAN.

⁸(85-9) Kaula keur ngaregepkeun GUSTI Allah sasauran; Mantenna ngajangjikeun katengtreman ka urang, umat-Na, asal urang ulah nyieun deui kagejulan.

⁹(85-10) Geus pasti Mantenna kersaeun nyalametkeun sakur jalma anu hormat ka salira-Na, sarta Mantenna baris aya di nagri urang, kersaeun ngaraksa.

¹⁰(85-11) Kaasih bakal patepung jeung kasatiaan, kaadilan bakal silih rangkul jeung karukunan.

¹¹(85-12) Kasatuhuan manusa baris mencari bumi ditilik ku kaadilan Allah ti sawarga.

¹²(85-13) PANGERAN bakal maparin karaharjaan ka urang, tanah urang bakal rea hasilna.

¹³(85-14) Kaadilan bakal maju payuneun PANGERAN, nyadiakeun jalan Mantenna.

86 ¹Panyambatna Daud. Nun PANGERAN,
mugi dangukeun, mugia kabul ieu
paneda, abdi teh balangsak sareng walurat;

²mugi raksa nyawa abdi, jalmi nu satia ka
Gusti, mugi ieu abdi Gusti anu kumureb teh
jait.

³Mugi aya kurnia, nun Allah Panutan, anu ku
abdi disambat sadidinten.

⁴Paparin kabungah ieu abdi Gusti teh, reh
ka Gusti mumbulna paneda abdi.

⁵Reh Gusti teh langsar manah, jembar
hampura, murah asih ka sugri nu sok
sasambat.

⁶Mugi dangukeun paneda abdi, nun
PANGERAN, ieu panyambat mugia dimakbul.

⁷Saban mendak pakewuh, nya ka Gusti abdi
ngalengis, da tangtos Gusti kersa ngamakbul.

⁸Taya ilah nu sapertos Gusti, nun
PANGERAN, taya nu mampuh nyieun hal
sapertos nu ku Gusti dipidamel.

⁹Bangsa-bangsa sadayana, kenging Gusti
ngagelarkeun, tangtos darongkap, dareku di
payuneun, bakal maruji kaagungan Gusti.

¹⁰Rehing Gusti teh agung, kawasa ngadamel
mujijat, mung Gusti nyalira Allah teh.

¹¹Wurukan, abdi teh kedah kumaha, nun
PANGERAN, tangtos ku abdi ditumutkeun
kalayan satia, kumaha kedahna ngabdi ka
Gusti kalayan satuhu.

¹² Abdi seja muji ka Gusti sabuleud hate, nun PANGERAN Allah abdi, seja ngabewarakeun kaagungan Gusti sapapaosna.

¹³ Kalintang ageungna satia asih Gusti ka abdi, dugi ka nyawa abdi dijait ti jero kubur!

¹⁴ Abdi dikurubut ku nu arangkuh, nun Allah: diarah bade dipaehan ku sabubuhan jelema telenges, jalmi-jalmi anu henteu malire ka Gusti.

¹⁵ Nanging Gusti teh Allah anu sipat rahman rahim, langsar manah, leber kaasih, satia tuhu.

¹⁶ Mugi abdi katampi, neda jembar piwelas-Na, kiatkeun, salametkeun, margi sapertos pun biang, abdi oge bakti teh ka Gusti.

¹⁷ Abdi Gusti mugi dipaparin tanda kasaean Gusti, supados anu ngarewaeun ka abdi areraeun naringal abdi ditulung sareng dililipur ku Gusti.

87 ¹Jabur golongan Korah. Lagu. PANGERAN ngadegkeun kota-Na di luhur pasir suci-Na.

²Kota Yerusalem teh kakasih PANGERAN, ngungkulan sakabeh tempat nu aya di Israil.

³He kota Allah, reungeukeun, hal-hal nu araheng tina hal anjeun, anu disaurkeun ku Mantenna:

⁴"Mesir jeung Babul ku Kami rek diasupkeun kana daptar bangsa-bangsa anu narurut ka Kami; urang Pelisti, urang Tirus jeung urang

Sudan, rek diasupkeun kana bilangan nu maratuh di Yerusalem."

⁵ Ari Sion bakal kakocapkeun, yen sakabeh bangsa jadi wargana, sarta ku Nu Maha Kawasa, Sion bakal ditothagakeun.

⁶ PANGERAN bakal nyatetkeun jalma-jalma dina daptar, kabeh dijadikeun warga kota Yerusalem.

⁷ Bari ngarigel, maranehna maruji kieu, "Nya di Sion ayana sagala sumber kabagjaan urang."

88¹ (88-1) Lagu. Jabur golongan Korah. Pikeun pamingpin biduan. Nurutkeun lagu: Mahalat Leanot. Lagu atikan ti Heman, urang Esrah. (88-2) Nun GUSTI Allah, jurusalamet abdi, ari siang abdi sasambat, ari wengi dumeuheus ka payuneun Gusti.

² (88-3) Mugi ieu paneda teh dangukeun, dangukeun panyambat abdi nyuhunkeun tulung!

³ (88-4) Abdi diambahreg ku rupi-rupi pakewuh, ajal parantos nyantong,

⁴ (88-5) sapertos nu sanes-sanes anu parantos meh maot, parantos taya tangan pangawasa.

⁵ (88-6) Abdi ditinggalkeun di nu paraeh, sapertos nu dipaahan, ngalonjor di jero kuburan maranehna, anu ku Gusti hamo diemut-emut deui, parantos di luareun pitulung Gusti.

⁶(88-7) Abdi ku Gusti digebruskeun ka jero liang kubur, liang anu pangpoekna sareng pangjerona.

⁷(88-8) Amarah Gusti nindihan kacida abotna, abdi remuk dilindes ku panekana.

⁸(88-9) Babaturan abdi ku Gusti sina nyalingkir, abdi ku Gusti didamel pikageuleuheun maranehna. Abdi kakepung, taya petana kaluar.

⁹(88-10) Panon ceuleuyeu teu kiat ku sangsara. Sadidinten abdi sasambat ka Gusti, leungeun tumamprak neda pitulung.

¹⁰(88-11) Gusti teh bade midamel mujijat ka nu parantos maraot? Tiasaeun mayit lugay teras mumuji ka Gusti?

¹¹(88-12) Naha kaasih Gusti sok diomongkeun di jero kubur? Naha kasatiaan Gusti sok dicarioskeun di tempat kabinasaan?

¹²(88-13) Naha tiasa katingal mujijat-mujijat Gusti di nu poek, kitu deui kasaean Gusti di tanah nu leungit tina emutan?

¹³(88-14) Nun PANGERAN, abdi ngalengis nyambat pitulung, saban enjing neneda ka Gusti.

¹⁴(88-15) Naon margina abdi disieuhkeun, nun PANGERAN, naon margina Gusti ngabalieur ti abdi?

¹⁵(88-16) Ti ngongora abdi teh diriripuh dugi ka mehmehan maot, parantos cape nadahan hukuman ti Gusti.

¹⁶(88-17) Haben dilindes ku amarah Gusti
anu ngentab-ngentab, binasa jadi tada
panyiksa Gusti.

¹⁷(88-18) Sadinten jeput sapertos
diteumbragan ku caah, ambreg ti unggal sisi.

¹⁸(88-19) Sobat-sobat nu pangdalitna ge
naringgalkeun, nu maturan teh mung poek.

89 ¹(89-1) Lagu atikan ti Etan, urang
Esrah. (89-2) Abdi salamina bade
nganyanyikeun satia asih Gusti, nun Allah,
salamina bade ngamashurkeun kasatiaan
Gusti.

²(89-3) Abdi terang kaasih Gusti tetep
salalamina kasatiaan Gusti sateguh langit.

³(89-4) Saur Gusti, "Kami geus jangji ka hiji
jalma pilihan Kami; Kami geus sumpah ka
Daud, abdi Kami,

⁴(89-5) Hiji turunan maneh salawasna
bakal jadi raja, tahta karajaan maneh bakal
langgeng."

⁵(89-6) Satungkebing langit muji kaajaiban
padamelan Gusti, nu saruci muji-muji
kasatiaan Gusti, nun PANGERAN.

⁶(89-7) Di sawarga teu aya nu sapertos
Gusti, teu aya mahluk sawarga anu nandingan
Gusti.

⁷(89-8) Dina pasamoan mahluk-mahluk
suci, Gusti pada mikagimir, sadayana alajrih
ka Gusti.

⁸(89-9) Nun GUSTI Allah Nu Maha Kawasa,
teu aya anu hebatna sapertos Gusti, Gusti
satia dina sagala perkawis, nun PANGERAN.

⁹(89-10) Gusti murba kana kaangkaraan
laut, ombakna nu ngamuk ku Gusti
dilelerkeun.

¹⁰(89-11) Rahab, naga laut, ku Gusti
dipaehan, diremukkeun, musuh-musuh
kucar-kacir ku kawasa Gusti.

¹¹(89-12) Langit kagungan Gusti, bumi oge
kagungan Gusti, alam dunya saeusina nya
Gusti anu ngagelarkeun.

¹²(89-13) Kaler sareng kidul Gusti anu
nyiptakeun, Gunung Tabor sareng Gunung
Hermon nyanyi kangge Gusti.

¹³(89-14) Kawasa Gusti tanpa tanding!
Gusti bedas liwat saking!

¹⁴(89-15) Karajaan Gusti napak dina
kaestuan sareng kaadilan, kaasih sareng
kasatiaan tembong dina samudaya karya
Gusti.

¹⁵(89-16) Estu bagja jalmi anu sumujud ka
Gusti bari gumbira, anu hirupna dina cahaya
kaseaan Gusti.

¹⁶(89-17) Sadidintenna suka bungah ku
karana Gusti, muji sukur ku karana piwelas
Gusti.

¹⁷(89-18) Gusti maparin kaunggulan ka
abdi-abdi, ku karana asih Gusti abdi-abdi
tiasa unggul.

¹⁸(89-19) Gusti, nun PANGERAN, maparin papayung, Gusti, Nu Suci, Allah Israil, maparin raja ka abdi-abdi.

¹⁹(89-20) Ti kapungkur keneh, dina hiji titingalian, Gusti ngandika ka para kawula Gusti nu saratia, "Kami geus nulung hiji prajurit anu kamashur, diangkat ti tengah rahayat, sina ngadiukan tahta.

²⁰(89-21) Abdi Kami Daud, ku Kami dijadikeun raja, geus diistrenan ku Kami ku minyak suci.

²¹(89-22) Salawasna baris dideudeul ku kabedasan Kami, kakawasaan Kami baris jadi kakuatanana.

²²(89-23) Musuh-musuhna moal bisa ngelehkeun, nu daroraka moal bisa meunang ka manehna.

²³(89-24) Kami nu baris nyasaak musuh-musuhna, Kami nu baris maehan nu ngarewaeunana.

²⁴(89-25) Kami rek mikanyaah, rek satia ka manehna, ku Kami rek disina meunangan terus.

²⁵(89-26) Karajaanana rek dilegakeun, ti Laut Tengah nepi ka Walungan Eprat.

²⁶(89-27) Ngabasakeunana ka Kami, Rama, Allah abdi. Ama benteng sareng panyalindungan abdi.

²⁷(89-28) Estu, ku Kami rek dijieu anak cikal, anu pangpunjurna ti sakabeh raja-raja.

²⁸(89-29) Jangji Kami ka manehna
salawasna bakal ditedunan, perjangjian Kami
ka manehna bakal langgeng.

²⁹(89-30) Tahtana rek dipageuhkeun
sapageuh langit, ti turunanana salawasna aya
bae anu pijadieun raja.

³⁰(89-31) Tapi lamun turunanana teu nurut
kana hukum Kami, hirupna teu nurutkeun
parentah-parentah Kami,

³¹(89-32) lamun ngalanggar aturan-aturan
jeung katangtuan-katangtuan Kami,

³²(89-33) maranehna geus tangtu baris
dihukum, baris disusahkeun ku karana
kasalahana.

³³(89-34) Najan kitu kanyaah Kami ka Daud
moal laas, jangji Kami ka manehna moal
gingssir.

³⁴(89-35) Perjangjian Kami ka manehna
moal pegat, jangji Kami sarupa ge moal aya
nu dicabut.

³⁵(89-36) Sabab Kami geus sumpah demi
kasucion Kami: pamohalan Kami jalir ka
Daud!

³⁶(89-37) Salawasna bakal aya turunanana,
karajaanana baris diaping ku Kami satungtung
aya keneh panonpoe.

³⁷(89-38) Sina tetep aya saperti bulan, nu
jadi saksi satia di langit."

³⁸(89-39) Nanging Gusti bet bendu ka
anjeunna, raja pilihan Gusti ku Gusti dipiceun,
ditolak.

³⁹(89-40) Perjangjian Gusti ka anjeunna dipegatkeun, makutana ku Gusti dialungkeun ka nu jeblog.

⁴⁰(89-41) Kuta-kuta kotana dirugrugkeun, benteng-bentengna diburak-barik,

⁴¹(89-42) harta milikna diranjah ku nu laliwat, sarta anjeunna diseungseurikeun ku para tatangga.

⁴²(89-43) Musuh-musuhna ku Gusti disina unggul, disina saruka bungah.

⁴³(89-44) Anjeunna disina eleh perangna, pakarangna disina taya gunana.

⁴⁴(89-45) Iteuk karajaanana ku Gusti dicandak, tahtana dibeubeutkeun kana taneuh.

⁴⁵(89-46) Mangsa anomna ku Gusti disinggetkeun, dipopokan ku kahinaan.

⁴⁶(89-47) Na Gusti teh bade teras nyumput bae? Bade dugi ka iraha Gusti bendu ngagugudug?

⁴⁷(89-48) Mugi diemut, umur abdi teh kacida pondokna. Mugi diemut, manusa teh ku Gusti dijadikeun mahluk pana.

⁴⁸(89-49) Saha pijalmieunana anu moal keuna ku ajal, anu tiasa ngejat tina alam kubur?

⁴⁹(89-50) Nun PANGERAN, mana tanda kanyaah Gusti anu kapungkur teh? Mana jangji-jangji Gusti ka Daud teh?

⁵⁰ (89-51) Ulah lali, abdi Gusti sakieu diasorkeunana, nandangan panghina bangsa-bangsa deungeun.

⁵¹ (89-52) Nun PANGERAN, raja pilihan Gusti teh dihina ku musuh-musuh Gusti! Mios ka mana ge teu weleh dinistakeun.

⁵² (89-53) Puji PANGERAN salalanggengna!
Amin! Amin!

90¹ Paneda Musa, abdi Allah. Nun PANGERAN, Gusti teh salamina jadi panyalindungan abdi sadaya.

² Memeh Gusti ngajadikeun gunung-gunung, memeh bumi sareng alam dunya ku Gusti dicipta, Gusti parantos jumeneng Allah nu langgeng sareng baris teras jumeneng salalanggengna.

³ Gusti ngedahkeun manusa mulang ka asal, ku Gusti dijadikeun deui lebu.

⁴ Kangge Gusti mah sarebu taun sami sareng sadinten, saumur dinten kamari anu parantos liwat, lir hiji saat anu pondok wanci wengi.

⁵ Umur jalmi ku Gusti disina nyeot lir palid ku caah, teu langkung panjang ti saimpian. Sapertos jujukutan, enjing-enjing marentik,

⁶ jaradi sareng karembangan, sorena gararing teras paraeh.

⁷ Abdi-abdi musna ku bebendu Gusti, sami sumeblak ku duduka Gusti.

⁸ Dosa abdi-abdi disina nembrak di payuneun Gusti, sanaos buni ku Gusti mah katingali.

⁹Hirup abdi-abdi jadi pondok, diteukteuk ku bebendu Gusti, umur sirna ibarat napas sarenghap.

¹⁰Lamina umur abdi-abdi mung tujuh puluh taun, atanapi dalapan puluh pikeun nu kiat, kitu ge bari ripuh seueur nu karasa, hirup sakedap, teras sirna.

¹¹Saha nu parantos ngarasa karongkahan mudalna bebendu Gusti? Saha nu sadar kumaha matak gimirna balukar tina duduka Gusti?

¹²Elingkeun abdi sadaya yen hirup teh kacida pondokna, supados jadi jalmi wijaksana.

¹³Sabaraha deui lamina Gusti bendu teh? Sing hawatos ka sadaya kawula Gusti.

¹⁴Tembongkeun kaasih Gusti ka abdi sadaya unggal enjing, supados hirup abdi-abdi tiasa ngarasa bagja.

¹⁵Paparinan kagenahan, saimbang sareng kaprihatinan anu dikeunakeun ka abdi sadaya salami nyorang kalaraan.

¹⁶Ebrehkeun padamelan Gusti anu rongkah ka abdi-abdi, ebrehkeun pangawasa Gusti anu mulya ka turunan abdi sadaya.

¹⁷Paparinkeun rahmat Gusti, nun PANGERAN, Allah abdi sadaya! Langsarkeun sugri pagawean abdi sadaya!

91 ¹Anu nyalindung ka Nu Maha Agung, anu aya dina pangraksa Nu Maha Kawasa,

²bisa unjukan ka Mantenna, "Gusti teh benteng panyalindungan abdi, Allah pangharepan abdi."

³Mantenna baris ngajaga anjeun tina bahya nu teu tembong, tina panyakit anu mateni.

⁴Mantenna baris mindingan anjeun ku jangjang-Na, anjeun baris aman dina pangraksa-Na, baris dijaga jeung ditangtayungan ku kasatiaana-Na.

⁵Ti peuting teu kudu mingsir sieun balahi, ti beurang teu kudu rempan ku bahaya ngadadak.

⁶Teu kudu risi ku panyakit nu datangna waktu poek, teu kudu rentag ku ajal anu narajang waktu caang beurang.

⁷Najan sarebu anu rebah di gigireun, sapuluh rebu di sakurilingeun, anjeun mah moal kieu-kieu.

⁸Ku anjeun bakal katingal, kumaha siksaanana jelema jahat.

⁹Sabab nya PANGERAN nu ku anjeun dijieun panyalindungan, nya Nu Maha Agung nu ku anjeun dipake panyaluuhan.

¹⁰Anu matak, bahya moal aya anu datang, kaniaya moal aya nu nyampeurkeun ka eusi imah anjeun.

¹¹Allah baris nempatkeun malaikat-malaikat-Na, ngajaga anjeun sanajan aya di mana.

¹²Ku eta anjeun teh ditaranggeuy, sangkan suku anjeun teu ngagasruk kana batu.

¹³ Singa galak jeung oray matih ge ku anjeun
baris bisa ditincakan.

¹⁴ Allah ngandika, "Jalma nu nyaah ka Kami
tangtu ku Kami disina salamet. Anu ngaku
yen Kami teh PANGERAN tangtu ku Kami
ditangtayungan.

¹⁵ Ana maranehna nyambat ka Kami tangtu
dibales. Ana maranehna kasusahan, tangtu
ku Kami dibaturan, tangtu ditulungan jeung
dibere kahormatan.

¹⁶ Umurna rek dipanjangkeun, ku Kami rek
disalametkeun."

92¹ (92-1) Lagu keur poe Sabat. (92-2)
Muji sukur ka Gusti teh lampah utami,
nun PANGERAN, muji, ngahormat ka Gusti,
Allah Anu Maha Agung,

² (92-3) ngabewarakeun satia asih Gusti
unggal enjing, sareng kasatiaan Gusti unggal
wengi,

³ (92-4) bari nabeuh tatabeuhan kawat,
sareng lagu nganggo kacapi.

⁴ (92-5) Padamelan Gusti anu harebat
ngabungahkeun abdi, abdi nyanyi gumbira ku
hal anu parantos dipidamel ku Gusti.

⁵ (92-6) Ku agung padamelan Gusti,
nun PANGERAN; mamanahan Gusti sanes
teuleum-teuleumaneun!

⁶ (92-7) Moal kasungsi ku jalmi tuna
pangarti, moal kahontal ku jalmi bodo.

⁷ (92-8) Nu daroraka najan mekar cara
jujukutan, nu jarahat najan hirupna sarenang,
tangtos bakal ajur tumpur,

⁸ (92-9) reh Gusti teh nun PANGERAN,
kawasa salalanggengna.

⁹ (92-10) Abdi-abdi yakin, musuh-musuh
Gusti bakal tumpur, nu jarahat teh bakal
kasoran.

¹⁰ (92-11) Abdi ku Gusti disina bedas lir
banteng alas, dipaparin kasenangan.

¹¹ (92-12) Parantos katingal musuh abdi teh
areleh, parantos kakuping tingkoceakna anu
jarahat.

¹² (92-13) Jalma bener bakal ngagedean
cara tangkal korma, bakal jaradi cara kiputri
Libanon.

¹³ (92-14) Maranehna ibarat tatangkalan
nu dipelak di gedong PANGERAN, jararadi di
Bait-Na Allah urang,

¹⁴ (92-15) nepi ka kolotna ge masih keneh
buahan, tetep subur hejo ngemploh.

¹⁵ (92-16) Eta nembongkeun yen PANGERAN
teh adil, panyaluuhan kaula estu taya
kuciwana.

93¹ PANGERAN teh Raja. Mantenna
diraksukan kaagungan jeung
kakawasaan. Bumi teteg diadegkeun dina
tempatna, moal kaoyag kagedag.

² Tahta Gusti ngadeg kiat ti awalna, nun
PANGERAN, Gusti jumeneng ti jaman
langgeng.

³Dasar samudra ngaluuarkeun soara, nun PANGERAN, jumegurna beuki ngaguruh.

⁴Nanging Gusti anu kawasa di sawarga, nun PANGERAN, langkung rongkab ti batan jumegurna samudra, langkung perkosa ti batan ombak sagara.

⁵Hukum-hukum Gusti langgeng, nun PANGERAN, Bait Gusti estu suci, ngadeg salalanggengna.

94 ¹Nun PANGERAN, Gusti teh Allah nu nyepeng wawales. Tembongkeun wawales ti Gusti!

²Gusti teh hakim sakumna manusa, bales jalmi nu sarombong teh masing satimpal!

³Sabaraha lamina deui nu daroraka senang-senang? Sabaraha lamina deui, nun PANGERAN?

⁴Sabaraha lamina deui nu jarahat sarombong, aragul ku kajahatanana?

⁵Maranehna ngekecek umat Gusti, nun PANGERAN, ngagencet umat kagungan Gusti.

⁶Randa sareng barudak pahatu diparaehan, kitu deui anu ngalumbara di ieu tanah.

⁷Carek maranehna, "Moal kanyahoan ku PANGERAN, Allahna Israil teh moal malire."

⁸He rahayat, ku naon barodo-barodo teuing? Iraha rek daraek diajar?

⁹Allah nu ngadamel ceuli urang, moal enya teu ngadangu? Mantenna nu ngadamel panon urang, moal enya teu ningali?

¹⁰Allah anu nyeuseul bangsa-bangsa,
moal enya moal ngahukum? Mantenna
guru sakumna manusa, moal enya taya
kauninga-Na?

¹¹PANGERAN uninga kana pikiran
maranehna, kauninga yen kabeh ge mubadir.

¹²Bagja jalmi anu dididik ku Gusti, nun
PANGERAN, sina terangeun kana hukum
Gusti!

¹³Dina mangsa aya pakewuh, ku Gusti
disina ayem, dugi ka nu jahat teh beunang ku
burang.

¹⁴PANGERAN moal ngabodokeun umat-
Na, pamohalan nilarkeun sakur nu jadi
kagungana-Na.

¹⁵Kaadilan baris aya deui di pangadilan,
sarta baris disokong ku nu jalujur.

¹⁶Saha nu bela ka abdi, ngalawan anu
jarahat? Saha nu aya gigireun abdi, ngalawan
para durjana?

¹⁷Upami teu aya pitulung PANGERAN,
tangtos abdi parantos pindah ka enggon anu
maraot.

¹⁸Sanggem pikiran, "Aduh tiguling," nanging
teras disangkeh ku satia asih Gusti.

¹⁹Nalika abdi nuju honcewang seueur
kasalempang, ku Gusti dililipur malar janglar.

²⁰Gusti tara biluk ka hakim-hakim nu
serong, anu ngesahkeun kateuadilan,

²¹anu sapongkol nyalahkeun nu bener, anu
nerapkeun hukum pati ka nu teu salah.

²²Untung kaula, dibela ku PANGERAN
diraksa ku Allah kaula.

²³Kajahatan maranehna baris dihukum ku
Mantenna, ditumpes ku karana dosa-dosana,
geus tangtu baris ditumpes, ku PANGERAN,
Allah urang.

95 ¹Hayu, urang maruji ka PANGERAN!
Nyanyi sing gumbira keur Allah, anu
nangtayungan urang.

²Hayu urang ka Mantenna, nyanggakeun
panarima, urang nyanyi muji sukur.

³Karana PANGERAN teh Allah Nu Maha
Kawasa, raja nu pinunjul, ngungkulan
sakabeh ilah.

⁴Mantenna anu kawasa ka sabumi alam, ti
gorowong nu pangjerona, nepi ka puncak
gunung nu pangluhurna.

⁵Murba ka lautan, kenging-Na ngajadikeun,
sarta murba ka daratan, kenging-Na
ngabangun.

⁶Hayu dareku, ngabakti ka Mantenna, tapak
tuur di payuneun PANGERAN, nu ngadamel
diri urang.

⁷Mantenna teh Allah urang, urang teh
umat cangkingana-Na, ibarat domba-domba
angonan Mantenna. Ayeuna rareungeukeun,
kieu dawuhana-Na:

⁸"Ulah warangkelang cara karuhun maraneh
di Meriba, jaman maranehna araya di gurun
keusik di Masa.

⁹Di dinya maranehna nyoba, ngadoja ka Kami sakitu geus narenjo sakur anu dipigawe ku Kami.

¹⁰Opat puluh taun Kami dirurungsing ku eta umat. Nu matak ceuk Kami, Euweuh pisan satiana eta jalma-jalma teh! Teu narurut kana parentah Kami.

¹¹Ku bawaning jengkel Kami nepi ka sumpah, Maraneh hamo asup ka eta tanah, moal dibikeun reureuh di dinya."

96 ¹Sanggakeun ka PANGERAN, lagu pupujian anyar! Sanggakeun nyanyian ka PANGERAN, he sakuliah jagat!

²Sanggakeun nyanyian ka PANGERAN, puji Mantenna! Sebarkeun warta hade saban poe, yen Mantenna geus nyalametkeun urang.

³Caritakeun kaagungana-Na ka sakabeh bangsa, caritakeun karongkahan padamelana-Na ka sakabeh jalma.

⁴PANGERAN agung, wajib dijungjung luhur, wajib dihormat leuwih ti ilah-ilah.

⁵Ilah-ilah bangsa-bangsa batur ngan ukur arca, ari PANGERAN mah nu nyipta sakubeng langit.

⁶Mantenna dikubeng ku kamulyaan jeung kaagungan, Bait-Na dipinuhan ku kakawasaan jeung kaendahan.

⁷Puji PANGERAN, he umat sajagat, puji kaagungan jeung kapunjulana-Na.

⁸Puji kaagungan jenengan PANGERAN.
Sanggakeun pangbakti, geura arasup ka
Bait-Na.

⁹Tarungkul lamun Mantenna geus
nembongan, sajagat kabeh sing ngadegdeg
di payuneuna-Na.

¹⁰Wartakeun ka sakabeh bangsa,
"PANGERAN teh Raja! Bumi geus maneuh,
pageuh moal ongget-ongget; Allah baris
ngahakiman bangsa-bangsa reujeung adil."

¹¹He langit jeung bumi, masing saruka!
He laut, katut mahluk-mahlukna, mangka
jumegur!

¹²He tegal-tegal jeung saeusina, mangka
barungah! He tatangkalan eusi leuweung,
surak sing gerah!

¹³Masing saruka lamun PANGERAN sumping
baris marentah ieu bumi. Mantenna baris
ngatur manusa pangeusi dunya reujeung adil,
lempeng jujur.

97 ¹PANGERAN teh Raja! Bumi, masing
gumbira! He pulo-pulo di lautan,
masing suka!

²Mantenna dikubeng ku mendung jeung
angkeub, marentahna adil, satemenna.

³Seuneu ngagedur saheulaeun Mantenna,
ngahuru musuh-musuh sakurilingna.

⁴Kilat-kilat Mantenna nyaangan alam dunya,
bumi ngadegdeg nenjo eta.

⁵ Gunung-gunung Ialeyur kawas lilin di payuneun PANGERAN, di payuneun Gustina sakuliah jagat.

⁶ Satungkebing langit ngutarakeun kaadilan Mantenna, sakumna bangsa-bangsa nyaraksian kamulyaana-Na.

⁷ Nu maruhit ka arca-arca diera-era, ilah-ilah kabeh ngareluk di payuneun PANGERAN.

⁸ Urang Sion galumbira, kitu deui kota-kota tanah Yuda, sararuka ku putusan Gusti, nun PANGERAN.

⁹ Nun PANGERAN Nu Maha Kawasa, Gusti nyepeng sakuliah jagat. Gusti punjur ti sadaya ilah-ilah.

¹⁰ PANGERAN asiheun ka jalma nu ngamusuh kagorengan. Mantenna nangtayungan hirup umat-Na, diluputkeun tina genggeman jalma jarahat.

¹¹ Cahya caang sumirat ka nu balener, kasenangan tumerap ka nu balageur.

¹² He jalma-jalma nu satemenna, masing saruka ku anu geus dipidamel ku PANGERAN, ingetkeun, sukurkeun, naon-naon anu geus dijalankeun ku Allah nu suci.

98¹ Jabur. Sanggakeun ka PANGERAN, pupujian anyar, Mantenna geus midamel hal-hal anu ajaib! Sarta ku sabab kawasa jeung digjaya, Mantenna unggul.

² PANGERAN ngumumkeun kaunggulana-Na. Kakawasaana-Na paranti nyalametkeun teh dibewarakeun ka bangsa-bangsa.

³Jangji Mantenna ka urang Israil estu teguh,
lantaran satia jeung asih ka maranehna.
Jalma-jalma di mana-mana kabeh narenjoeun
unggulna Allah urang.

⁴Geura surak keur PANGERAN, he sakuliah
jagat, mulyakeun Mantenna ku lagu jeung
surak gumbira!

⁵Nyanyikeun pupujian ka PANGERAN,
tabeuhan ku kacapi!

⁶Tiup tarompet jeung tarompet tanduk,
gederkeun surak ka PANGERAN, raja urang.

⁷Laut katut sakabeh mahlukna, sing
jumegur, bumi katut sapangeusina, geura
maruji!

⁸He walungan-walungan, mangka kaleprok,
he pasir-pasir, mangka nyaranyi reujeung
suka di payuneun PANGERAN!

⁹Sabab Mantenna rawuh rek nyepeng ieu
bumi. Mantenna baris marentah pangeusi
ieu dunya, marentah kalawan adil jeung
satemenna.

99 ¹PANGERAN teh Raja, bangsa-bangsa
gumeter. Mantenna linggih dina tahta,
luhureun mukarabin, bumi inggeung.

²PANGERAN kawasa di Sion, estu pinunjul,
murba ka bangsa-bangsa sakumna.

³Bangsa-bangsa bakal maruji kaagungan
jeung kadaulatan jenengana-Na. Suci
Mantenna teh!

⁴Nun Raja kawasa, Gusti teh tigin kana
kaadilan, Gusti parantos ngukuhkeun hukum

di Israil, parantos ngajalankeun kaadilan sareng katemenan.

⁵Agungkeun PANGERAN, Allah urang, geura sembah sujud hareupeun tahta-Na! Suci Mantenna teh!

⁶Musa jeung Harun kaasup imam-imam Mantenna, Samuel kaasup anu nyambat ka Mantenna; aranjeunna sasambat ka PANGERAN, ku Mantenna diwaler.

⁷Mantenna ngandika ka aranjeunna tina tihang mega; aranjeunna taat kana hukum jeung timbalan-timbalana-Na.

⁸Nun PANGERAN, Allah abdi sadaya, Gusti ngawaler panyambat umat. Sanaos ku karana dosana maranehna dihukum, nanging Gusti nganyatakeun yen Gusti teh Allah nu jembar hampura.

⁹Puji PANGERAN, Allah urang, bakti Mantenna, di Gunung-Na anu suci. PANGERAN teh Allah urang anu suci.

100¹Jabur waktu nyanggakeun kurban panarima. Nyanyi ka PANGERAN, he sakuliah jagat!

²Sembah PANGERAN bari jeung suka, deuheusan, bari nyanggakeun lagu gumbira.

³Embarkeun yen PANGERAN teh Allah. Mantenna geus ngadamel diri urang, urang teh kagungana-Na, urang umat-Na, domba-domba Mantenna.

⁴Geura arasup ka lawang Bait Allah bari ngucap sukur, geura arasup ka buruana-Na

bari maruji. Ucapkeun sukur ka Mantenna,
puji Mantenna.

⁵PANGERAN teh sae manah, asihna
langgeng, satia-Na sapapanjangna.

101 ¹Jabur Daud. Ieu lagu abdi,
ngeunaan kasatiaan sareng
kaadilan, bade dinyanyikeun ka Gusti, nun
PANGERAN.

²Abdi seja milampah kalakuan nu taya
cawadeunana. Iraha Gusti bade rawuh ka
abdi? Abdi di rorompok sumeja ngalakonan
hirup beresih,

³bade nebihan lampah nirca, ngabaidkeun
laku lampah nu malurtad ti Allah, narah biluk
ka nu karitu.

⁴Moal serong hate, moal miluan kana
lampah doraka.

⁵Anu sok haruwas-harewos ngagogoreng
batur, ku abdi bade diusir; moal nyabaran ka
nu adigung adiguna.

⁶Anu bade diluluskeun teh jalmi anu tigin ka
Allah, bade dikengingkeun hirup di karaton
abdi. Anu leres-leres lempeng hatena, tangtos
diwidian ngawula.

⁷Abdi moal ngampihan tukang tipu, moal
miara jalma pura-pura.

⁸Unggal-unggal dinten, abdi bade ngabasmikanu
jarahat ti jero nagri. Para durjana
sadayana bade diusiran, moal diantep hirup
di kotana PANGERAN.

102

¹(102-1) Doa ti nu keur lara,
keur teu daya teu upaya, anu
ngucutkeun eusi hatena ka PANGERAN.
(102-2) Nun PANGERAN, mugi dangukeun
panyambat abdi, jerit abdi neneda pitulung
mugia dongkap ka Gusti;

²(102-3) mugi Gusti ulah ngalieus, nalika
abdi keur sangsara, dangukeun nun Gusti,
abdi jumerit, mugi Gusti kersa enggal
ngawaler.

³(102-4) Margi umur abdi teh musna
lir haseup, sungsum balung asa panas lir
diduruk,

⁴(102-5) awak Ialeuleus lir jukut garing teu
hayang neda-neda acan.

⁵(102-6) Abdi mung tiasa udah-aduh, awak
ngajangjawing, kantun kulit sareng tulang.

⁶(102-7) Abdi lir manuk di gurun keusik, lir
bueuk di ruruntuhan sepi.

⁷(102-8) Ngagoler teu daek sare, kawas
manuk nyorangan di suhunan imah.

⁸(102-9) Sadidinten hantem bae
dicacampah ku musuh, ngaran abdi dijarieun
panyumpahan ku sugri nu mikajid.

⁹(102-10) Tedaeun abdi sanes sangu
nanging lebu, inumeun pacampur sareng
cipanon,

¹⁰(102-11) da ku Gusti sakitu dibenduanana
sareng disiksana, dugi ka dijeuwang lajeng
digejretkeun pisan.

¹¹(102-12) Umur abdi lir kalangkang wanci tunggang gunung, abdi teh lir jukut garing.

¹²(102-13) Nanging nun PANGERAN, Gusti mah jumeneng Raja salalanggengna, jenengan Gusti tetep baris dipiemut, turunan nema turunan.

¹³(102-14) Gusti tangtos bijil nembongkeun kawelas ka Sion, parantos waktosna eta teh dipikawatir, nya ayeuna mangsana.

¹⁴(102-15) Eta teh sanaos parantos burak-barik, tetep dipikacinta ku sadaya abdi Gusti, sanaos eta teh kantun ruruntuk, tetep ku maranehna dipikawatir.

¹⁵(102-16) Bangsa-bangsa baris gimir ku PANGERAN, raja-raja di bumi sadayana bakal rentag ku kakawasaana-Na.

¹⁶(102-17) Lamun PANGERAN geus ngawangun deui Sion, kaagungan Mantenna bakal diebrehkeun.

¹⁷(102-18) Mantenna bakal malire umat-Na anu geus teu dipirosea, paneda maranehna baris didangu.

¹⁸(102-19) Tuliskeun sakur anu geus dipidamel ku PANGERAN, pikeun turunan nu bakal datang, supaya jalma-jalma nu ayeuna tacan lahir engke maruji ka Mantenna.

¹⁹(102-20) PANGERAN ningali ka handap ti tempat suci-Na di luhur, ningali ka bumi di handap, ti sawarga.

²⁰(102-21) Mantenna ngadangukeun udah-aduhna para tahanan, jeung ngaleupaskeun anu meunang hukum pati;

²¹(102-22) Ku sabab kitu jenengana-Na bakal dimashurkeun di Sion, Mantenna bakal diparuji di Yerusalem,

²²(102-23) lamun bangsa-bangsa jeung karajaan-karajaan bareng daratang, sarta ngabarakti ka PANGERAN.

²³(102-24) Tanaga kaula ku PANGERAN dileumpeuhkeun ngora-ngora, umur kaula ku Mantenna dipondokkeun.

²⁴(102-25) Nya kaula sasambat: "Nun Allah, mugi abdi ulah dicandak satengahing umur." Nun PANGERAN, Gusti teh jumeneng langgeng,

²⁵(102-26) kapungkur ngadegkeun bumi, langit oge hasil damel panangan Gusti;

²⁶(102-27) eta bakal keuna ku musna, nanging Gusti mah langgeng jumeneng sapapaosna, eta sadayana bakal bobo kawas lawon, sarta ku Gusti disingkirkeun lir baju butut, ahirna musna,

²⁷(102-28) dupi Gusti mah tetep henteu robah-robah, hadirat Gusti teu aya tamatna.

²⁸(102-29) Anak incu abdi-abdi Gusti tiasa hirup tengtrem, sarta turunan maranehna ge bakal aman, ku karana pangraksa Gusti.

103¹Ti Daud. Mulyakeun PANGERAN, he nyawa, mulyakeun sakuat-kuat jenengana-Na nu suci!

²Mulyakeun PANGERAN, he nyawa, jeung
ulah poho, kumaha saena Mantenna.

³Mantenna ngahampura sakabeh dosa
kaula, nyageurkeun sagala panyakit kaula.

⁴Ngajaga kaula tina liang kubur, sarta
ngaberahan kaula kalayan asih jeung welas.

⁵Mantenna ngeusian hirup kaula ku hal-hal
anu harade, nepi ka kaula awet ngora tur
rosa tanaga kawas galudra.

⁶PANGERAN geus maparin kaadilan, jeung
ngabela hak sakur nu dikaniaya.

⁷Maksad Mantenna ku Mantenna geus
diterangkeun ka Musa, padamelan-
padamelana-Na geus dipintonkeun ka kaom
Israil.

⁸Estu PANGERAN teh welas asih, lautan
kurnia, sabar adil palamarta, sarta jembar
hampura-Na,

⁹tara terus nyeuseul salawasna, tara terus
bendu salalanggengna;

¹⁰ngahukumna ge tara diukur-ukur kana
dosa urang, tara diijir-ijir kana kadorakaan
urang;

¹¹malah saenyana mah, sakumaha
jauhna tanah ka langit, nya sakitu rosana
kawelasana-Na ka sakur anu hormat ka
Mantenna teh.

¹²Sakumaha anggangna wetan ti kulon, nya
sakitu jauhna dosa-dosa urang dijauhkeunana
ti urang.

¹³Sakumaha bapa nyauheun ka anakna,
PANGERAN teh nyauheun ka sakur anu
hormat ka Mantenna.

¹⁴Mantenna uninga kana bahan asal urang,
kaemut yen urang teh saukur lebu.

¹⁵Urang mah, hirup urang lir ibarat jukut,
sirungan jeung ngagedean kawas kembang
tegalan,

¹⁶les bae euweuh, katiup ku angin, moal
katenjo-tenjo deui.

¹⁷Tapi ka sakur nu hormat ka PANGERAN
mah asih-Na teh langgeng, sarta kasaearana-Na
tumuluy ka sakabeh turunan,

¹⁸jalma-jalma anu nyekel jangji Mantenna,
jeung anu gumati kana timbalana-Na.

¹⁹PANGERAN ngadegkeun tahta-Na di
sawarga, Mantenna raja anu murba wisesa.

²⁰Mulyakeun PANGERAN, he para malaikat
anu garagah perkosa, anu narurut ka
pangersa Mantenna, anu gumati kana
saungeling dawuhana-Na.

²¹Mulyakeun PANGERAN, he wadya balad
sawargawi, he para kawula-Na, anu ngemban
pangersa-Na.

²²Mulyakeun PANGERAN, he sakabeh
mahluk Mantenna di sakabeh tempat
bawahan pamarentahana-Na, mulyakeun
PANGERAN, he nyawa!

104¹Mulyakeun PANGERAN, he nyawa!
Nun PANGERAN, Allah abdi,

Gusti teh Maha Agung! Gusti dangdos ku kaagungan sareng kamulyaan,

² salira dikubeng ku cahya. Gusti mantengkeun langit sapertos tenda,

³ sareng ngadegkeun malige Gusti di luhur cai di langit. Mega dijadikeun kareta, angkat nitih jangjang angin.

⁴ Angin dijadikeun utusan, kilat dijadikeun palayan.

⁵ Gusti ngadegkeun bumi, nangtungna kukuh dina pademenna, moal inggeung-inggeung.

⁶ Bumi ku Gusti diliputan ku lautan, minangka jubahna, cai lautan ngeueum gunung-gunung.

⁷ Barang ku Gusti dihaok, cai teh kabur, purat-perot nguping haokna parentah Gusti,

⁸ nyeot ti gunung-gunung ka lebak-lebak ka tempat anu ku Gusti parantos dipidamel keur eta.

⁹ Gusti matok wawatesanana, anu ku eta hamo tiasa diliwatan, supados eta teh henteu ngaliputan bumi deui.

¹⁰ Gusti ngadamel cinyusu-cinyusu, tingburial di lebak-lebak, walungan-walungan ngalocor di antara pasir-pasir,

¹¹ nyadiakeun cai nyadiaan margasatwa; di dinya kalde-kalde alas nyirnakeun hanaangna.

¹² Dina tatangkalan deukeut sisi-sisina, manuk-manak nyarieun sayang, jeung ngarawih disarada.

¹³Ti langit, Gusti ngahujanan pasir-pasir,
sareng bumi dieusi ku rahmat Gusti.

¹⁴Gusti ngadamel jukut jaradi jang sasatoan,
sareng rupi-rupi tutuwuhan jang kaperluan
manusa, dugi ka manehna tiasa pepelakan
keur paneneun,

¹⁵sareng ngahasilkeun anggur keur
nyukakeun dirina, minyak jetun keur
ngagumbirakeunana, sareng roti keur
nimbulkeun tanagana.

¹⁶Kayu kiputri Libanon, seueur kengingna
hujan tatangkalan milik PANGERAN ku
anjeun, pelak Mantenna,

¹⁷enggon manuk-manuk nyarayang;
manuk-manuk bango mah nyarayangna dina
tangkal caringin.

¹⁸Embe-embe alas nyaricingan gunung-
gunung nu laluhur, peucang-peucang
nyarumputna dina batu-batu cadas.

¹⁹Gusti ngadamel bulan keur tanda waktu,
panonpoe ngartieun iraha wancina surup.

²⁰Gusti ngadamel peuting, sareng dina
poekna sasatoan alas laliar;

²¹singa-singa ngora tinggalaur neangan
mangsa, neangan hakaneunana anu geus
disadiakeun ku Allah.

²²Ana panonpoe meletek, sato-sato alas
ngarampih deui, dararepa di enggonna.

²³Jalma-jalma kalaluar muru pagaweanana,
digarawe nepi ka burit.

²⁴ Sakitu pepekna dadamelan Gusti, nun PANGERAN! eta sadayana dipidamelna estu kalayan binangkit, bumi teh pinuh ku saniskara ciciptan Gusti.

²⁵ Blang lautan upluk-aplak, katut mahluk-mahluk pangeusina ageung alit, tanpa wilangan,

²⁶ paranti kapal-kapal balayar, tempat ulin Lewiatan, mahluk raksasa laut ciciptan Gusti.

²⁷ Eta sadayana sumender ka Gusti nu maparin tedaunana dina waktosna.

²⁸ Tedaunana ku Gusti dipasihkeun, seug ditareda, Gusti anu nyayagikeunana, maranehna sarugema.

²⁹ Ana ku Gusti disingkiran, maranehna kasieunan, ana napas Gusti dicabut ti maranehna, maranehna maraot, marulang jadi lebu, asal-usul maranehna.

³⁰ Nanging upami ku Gusti dipasihan ambekan, maranehna jadi araya, Gusti maparin hirup anyar ka bumi.

³¹ Mugia kamulyaan PANGERAN tetep langgeng! mugia PANGERAN ngaraos bagja ku sugri dadamelana-Na!

³² Bumi ku Mantenna diteuteup, bumi ngeleper, gunung-gunung ku Mantenna ditoel, peledug bijilan haseup.

³³ Kaula seja nyelukkeun PANGERAN saumur-umur seja nyanyi ngamulyakeun Allah kaula sapanjang gumelar.

³⁴ Mugia pupujian kaula kamanah ku
Mantenna, lantaran kabungah kaula timbulna
ti Mantenna.

³⁵ Muga-muga jalma-jalma dosa ditumpes
ti bumi para durjana sing ulah aya nu kari.
Mulyakeun PANGERAN, he nyawa! Mulyakeun
PANGERAN!

105¹ Mulyakeun PANGERAN, sambat
jenengana-Na, mashurkeun
padamelana-Na ka sakumna umat;

²sanggakeun pupujian jeung lalaguan ka
Mantenna, caritakeun sagala karyana anu
pikahelokeun.

³Kudu bungah yen urang teh umat
kagungana-Na, sakur nu ngabakti ka
PANGERAN sing suka ati.

⁴Kudu neneda ka PANGERAN katut
pangawasa-Na, salawasna ulah jauh ti
hadirat-Na.

⁵Sing aringet kana mujijat-mujijat
Mantenna nu enggeus-enggeus, kitu deui
kana tanda-tanda aheng jeung hukum tina
lambe-Na,

⁶he turunan Ibrahim, abdi-Na, he rundayan
Yakub, anu ku Mantenna kapilih!

⁷Mantenna teh PANGERAN, Allah urang,
timbalan Mantenna tumerap di sakuliah jagat.

⁸Mantenna salalanggengna ge satia kana
jangji-Na, timbalan nu dikeunakeun ka sarebu
turunan,

⁹jangji anu ku Mantenna disimpay sareng Ibrahim, jeung anu dijadikeun sumpah ka Isak,

¹⁰oge eta jangji-Na teh dibeungkeutkeun ka Yakub jadi papagon, sarta dijadikeun jangji anu langgeng ka Israil,

¹¹kieu dawuhana-Na harita: "Maneh rek dibere tanah Kanaan, jadi milik pusaka keur maneh."

¹²Harita bilangan umat Allah saeutik keneh, masing sakumbuhan leutik tur ayana di dunyana ukur numpang,

¹³jeung masih pipindahan ti nagara ieu ka nagara itu, ti karajaan ieu ka karajaan itu.

¹⁴Tapi sing saha bae ku Mantenna teu diantep nganiaya maranehna, raja-raja nu nyusuker ka maranehna ku Mantenna dibendon,

¹⁵timbalana-Na: "Ulah wani-wani ngagunasika umat pilihan Kami, sarta nabi-nabi Kami teu meunang diganggu."

¹⁶Waktu eta nagara ku Mantenna digebug ku paceklik, sarta saniskara bahan dahareun dimusnakeun,

¹⁷Mantenna ngiangkeun heula hiji jalma pikeun jadi jalan, nya eta Yusup, ku jalan dijual jadi abdi;

¹⁸anjeunna dibelok, sampeanana dibangbaluhan, dikongkorongan rante beusi,

¹⁹ nepi ka cunduk waktuna, panorahna ngabukti, cocog sakumaha pituduh PANGERAN ka anjeunna.

²⁰ Tuluy raja Mesir, ngaluarkeun anjeunna ti jero panjara, eta pangereh bangsa-bangsa teh ngabebaskeun anjeunna.

²¹ Tuluy disina ngajalankeun pamarentahanana, dikawasakeun marentah sakuliah nagri,

²² kawasa ka para ponggawa raja, sarta wenang marentah ka para jurunasehat raja.

²³ Ti dinya Yakub sumping ka Mesir, tanah Ham, sarta lajeng matuh bubuara di dinya,

²⁴ ku Mantenna dikersakeun jadi jembar baranahan, malah jadi leuwih kuat batan satruna.

²⁵ Pikir satruna ku Mantenna dirobah jadi ijid ka umat-Na, abdi-abdi Mantenna ku maranehna ditipu diperdaya.

²⁶ Mantenna ngutus Musa, abdi-Na, disareangan ku Harun, anu kapilih ku Mantenna.

²⁷ Aranjeunna ngayakeun tanda-tanda aheng tumut sapituduh PANGERAN, jeung mujijat-mujijat di sakuliah tanah Mesir tea.

²⁸ Mantenna nurunkeun pepeteng, reup poek ngajumbleng; tapi bangsa Mesir tetep wangkelang kana timbalana-Na.

²⁹ Mantenna ngarobah sakabeh cai di sakuliah tempat di dinya, ngajadi getih, laukna disina paraeh,

³⁰ geus kitu tanahna sina pinuh ku bangkong,
malah pinuh nepi ka karaton raja.

³¹ Allah nimbalan, breng laleur jeung
rambetuk nararapuk di sakuliah nagri.

³² Hujan di eta nagri ku Mantenna dirobah
jadi hujan es jeung kilat.

³³ Pelak anggurna, pelak kondangna,
diburak-barik, kakayon-kakayon dirungkad-
rungkadkeun.

³⁴ Mantenna nimbalan, brul datang simeut,
lobana tanpa wilangan;

³⁵ ngaharakanan sakabeh pepelakan di eta
tanah sakabeh hasil bumi beak digalaksak.

³⁶ Mantenna maehan sakabeh anak cikal
lalaki ti unggal kulawarga urang Mesir.

³⁷ Lajeng umat-Na dicandak budal, rebo ku
emas perak, tur kabeh sarehat marulus.

³⁸ Sanggeus maranehna budal, urang Mesir
barungah hatena, sabab geus baroga rasa
sieun ku maranehna teh.

³⁹ PANGERAN meberkeun mega pikeun jadi
iuh-iuh, jeung ngayakeun tihang seuneu
pikeun nyaangan ari peuting.

⁴⁰ Maranehna neneda, Mantenna
ngadatangkeun aleutan puyuh, sarta
maranehna dipiseubeuhan ku roti ti sawarga.

⁴¹ Mantenna meulah karang, golontor kaluar
cai, terus ngocor di gurun keusik kawas
walungan.

⁴² Eta lantaran Mantenna ngemutkeun jangji
suci-Na ka Ibrahim abdi-Na.

⁴³ Kitu Mantenna nuyun umat-Na budalan,
sarta maranehna nyaranyi, sarurak.

⁴⁴ Ku Mantenna dipaparin tanah bangsa-
bangsa lian, lahan-lahanna dimilikkeun ka
maranehna tea,

⁴⁵ sangkan maranehna tuhu kana hukum-
hukum-Na, jeung ngestokeun sagala
parentah Mantenna. Mulyakeun PANGERAN!

106¹ Puji PANGERAN! Sukurkeun
ka PANGERAN, ku karana
kasaeana-Na, asih-Na salalanggengna.

² Saha nu sanggup nyaturkeun
sagembengna kawasaning PANGERAN,
saha nu bisa puas muji kaagungana-Na?

³ Jamuga sing saha anu tuhu kana hukum,
anu salawasna migawe nu bener.

⁴ Mugi emut ka abdi, nun PANGERAN,
numutkeun karidoan manah ka nu jadi umat,
mugi abdi dilayad, dipaparin kasalametan ti
Gusti,

⁵ sangkan tiasa nyaksian kajembaran umat
anu ku Gusti dipilih, ngiring suka dina
kabagjaan umat Gusti, ngiring reueus sareng
umat kagungan Gusti.

⁶ Abdi sadaya parantos dosa, sami sareng
karuhun, parantos nyieun kajahatan sareng
kadorakaan.

⁷ Karuhun abdi-abdi di Mesir henteu
ngartoseun kana padamelan Allah anu
araheng teu areling kana piwelas-Na anu

sering dibuktoskeun, anggur ngaralawan ka
Nu Maha Kawasa, di Laut Beureum.

⁸Najan kitu ku Mantenna disalametkeun,
demi nedunan jangji-Na, geusan
ngabuktikeun pangawasa-Na.

⁹Laut Beureum ku Mantenna ditimbalan
supaya saat ngolettrak, maranehna
dipeuntaskeun nyorang dasar laut, teu beda
jeung ti di darat.

¹⁰Ku Mantenna diluputkeun tina kawasa
nu mikangewa, diluputkeun tina kawasaning
musuh;

¹¹sabab satru-satruna teh kaliputan ku laut,
nepi ka taya nu kari saurang-urang acan.

¹²Kakara maranehna percaya kana
jangji-Na, tuluy maruji sukur ka Mantenna.

¹³Tapi gampang pisan parohona kana
pitulung-pitulung Mantenna, jeung embung
ngadago kuma pituduh-Na;

¹⁴di gurun keusik maranehna karanjingan
hawa napsu, nepi ka ngadaroja ka Allah.

¹⁵Sakahayangna ku PANGERAN dicumponan,
tapi bari dibarengan ku pagebug.

¹⁶Waktos di gurun keusik, maranehna sirik
ka Musa sareng ka Harun, abdi PANGERAN.

¹⁷Wag bumi beulah, nyapluk Datan,
sakulawarga Abiram kabeh karuwang.

¹⁸Gur aya seuneu, ngalentaban gorombolan
maranehna, nu daroraka teh kaduruk
gareheng.

¹⁹Di Sinai maranehna nyieun tironan anak sapi, seug arca jijieunananan teh disarembah;

²⁰kamulyaan Allah ku maranehna ditukeurkeun kana arca sato anu nyatuna jukut.

²¹Geus lat poho ka Allah, nu jadi Jurusalametna, nu geus midamel kajadian-kajadian aheng basa di Mesir,

²²nu midamel mujijat-mujijat basa di tanah Ham, jeung mintonkeun karongkahan di basisir Laut Beureum.

²³Kitu nu matak Mantenna ngadawuh maranehna teh rek dibasmi, kabujeng ku Musa, abdi Mantenna, nu ngadeuheus mangnedakeun pangampura, nepi ka teu tulus dibasmina teh.

²⁴Maranehna nampik tanah anu sakitu hadena, da teu ngandel kana jangji Mantenna;

²⁵heug tinggelendeng di pangrerebanana, arembung ngadenge gentra PANGERAN.

²⁶Ku kituna PANGERAN sumpah ngangkat panangan, maranehna rek disina tingjaloprak di gurun keusik,

²⁷sarta turunana sina paburencay ka bangsa-bangsa lian, sarta sina bacacar paraeh di nagri-nagri asing.

²⁸Tuluy maranehna nyarantel maruhit ka Baal Peor, jeung ngadalahaar sasajen pikeun arwah dewa-dewa.

²⁹Peta maranehna kitu ngajaheutkeun manah PANGERAN, lajeng ku Mantenna digebug ku sasalad.

³⁰Neut Pinehas tandang, nu baroga dosa dihukum, sasalad jadi sirep.

³¹Pitandang anjeunna kitu, turun-tumurun salalawasna dipieling jadi picontoeun.

³²Maranehna nyieun pibendueun Mantenna di cinyusu Meriba, balukarna Musa jadi kahukum ku kalakuan maranehna,

³³maranehna ngalawan ka Musa, nepi ka anjeunna kalepasan saur.

³⁴Maranehna henteu maehan para pamuja brahala, parentah PANGERAN kitu ku maranehna teu diturut,

³⁵kalah ka pacorok jodo jeung maranehna, sarta niru adat eta jalma-jalma anu teu nyaho ka Allah.

³⁶Umat Allah teh ngabarakti ka brahala, ngalantarankeun maranehna cilaka.

³⁷Maranehna ngurbankeun anak-anakna nu lalaki, nu awewe, dijieun kurban ka brahala-brahala tanah Kanaan.

³⁸Barudak nu taya salahna teh ku maranehna diparaehan sarta tanahna teh ku eta tukang-tukang maehan dinajiskeun.

³⁹Maranehna geus nganajiskeun maneh ku kalakuanana, henteu saratia deui ka Allah.

⁴⁰Ku sabab eta PANGERAN bendu ka umat-Na, jadi geuleuh ka maranehna.

⁴¹ Tuluy diselehkeun kana kakawasaan para pamuja brahala, jadi dibawah ku musuh-musuhna.

⁴² Ku musuh-musuhna digencet, ditundukkeun sama sakali kana kakawasaanana.

⁴³ Sering pisan PANGERAN ngaluputkeun umat-Na, tapi maranehna anggur milih ngalawan ka Mantenna beuki jero tilepna dina dosa-dosana.

⁴⁴ Tapi ana maranehna sasambat ku PANGERAN didangu, kasusahna diperhatoskeun.

⁴⁵ Demi maranehna, Mantenna emut kana perjangjiana-Na, sarta ku sabab kacida asiheuna-Na ka maranehna, Mantenna henteu ngabengisan deui.

⁴⁶ Sakur anu ngagencet ka maranehna, ku Mantenna disina jadi Malik mikarunya.

⁴⁷ Salametkeun abdi-abdi, nun PANGERAN, Allah abdi sadaya, candak wangsul ti bangsa-bangsa lian, supados tiasa nganuhunkeun sareng ngamulyakeun, jenengan Gusti nu suci.

⁴⁸ Mulyakeun PANGERAN, Allah Israil, mulyakeun Mantenna ti ayeuna, salalanggengna! Hayu sarerea nyarebut, "Amin!" Mulyakeun PANGERAN!

107 ¹ "Haturkeun nuhun ka PANGERAN, ku karana kasaean-Na, kaasih-Na langgeng!"

²Pindo ieu omongan, pikeun muji
PANGERAN, he sakur anu geus disalametkeun
ku Mantenna! Mantenna geus ngaluputkeun
maraneh ti musuh-musuh,

³jeung geus mulangkeun maraneh ti
nagri-nagri asing, ti wetan jeung ti kulon, ti
kaler jeung ti kidul.

⁴Aya nu uprak-apruk di gurun keusik nu tara
katincak, teu manggih jalan ka kota geusan
enggon matuh,

⁵kalaparan jeung halabhab, sirna
pangharepanana.

⁶Keur sangsara kitu, maranehna sasambat
ka PANGERAN, tuluy ku Mantenna dijait tina
kasusahanana,

⁷ditungtun ka jalan anu lempeng, sina
narepi ka kota geusan enggon matuhna.

⁸Maranehna kudu nganuhunkeun kana
kanyaah PANGERAN anu taya kendatna,
kana sagala karya-Na anu araheng pikeun
maranehna.

⁹Nu halabhab disina puas ngarinum, anu
lapar dieusian ku nu harade.

¹⁰Sawareh hirup di nu reyem-reyem,
paroek, para tahanan sangsara nyandangan
rante.

¹¹Ku lantaran ngalawan kana timbalan
Allah, Nu Maha Kawasa, jeung nolak
parentah-parentah Mantenna.

¹²Maranehna raripuh ku gawe beurat, nepi
ka ngusruk lalabuh, tapi taya nu nulungan.

¹³Keur sangsara kitu maranehna sasambat ka PANGERAN, tuluy ku Mantenna dijait tina kasusahanana,

¹⁴dikaluarkeun ti tempat anu reyem-reyem jeung poek, rante-rantena dipepejet.

¹⁵Maranehna kudu nganuhunkeun kana kanyaah PANGERAN anu taya kendatna, kana sagala karya-Na anu araheng pikeun maranehna.

¹⁶Mantenna ngabejadkeun panto-panto tambaga, jeung mingges-minggeskeun jaruji-jaruji beusi.

¹⁷Sawareh deui garejul, hirupna sangsara ku tina dosa-dosana, jeung ku sabab kajahatanana;

¹⁸nepi ka kana kadaharan ge teu tahan nenjo-nenjo acan, sarta ajalna geus dareukeut.

¹⁹Keur sangsara kitu, maranehna sasambat ka PANGERAN, tuluy ku Mantenna dijait tina kasusahanana,

²⁰dicageurkeun ku timbalana-Na, sarta dijait tina liang kubur.

²¹Maranehna kudu nganuhunkeun kana kanyaah PANGERAN, anu taya kendatna kana sagala karya-Na anu araheng pikeun maranehna.

²²Maranehna kudu nganuhunkeun ka Mantenna ku kurban-kurban jeung ku lagu-lagu gumbira anu nyaritakeun sagala hal anu dipidamel ku Mantenna.

²³ Sawareh nempuh lautan ku kapal-kapal,
nareangan napkahna di laut-laut.

²⁴ Maranehna narenjo hal-hal anu dipidamel
ku PANGERAN, karya mujijat Mantenna di
laut-laut.

²⁵ Mantenna nimbalan, gelebug angin ribut
niup, ombak motah pagulung-gulung,

²⁶ kapal-kapal kaampulkeun ku cai nu
mumbul luhur lep neundeut tilelep jero;
ku bahla nu kawas kitu, jalma-jalma kabur
pangacianana

²⁷ tingdaligdeug tingjolongjong kawas nu
mabok, beak dengkak, taak sagala dayana.

²⁸ Keur sangsara kitu, maranehna sasambat
ka PANGERAN, tuluy ku Mantenna dijait tina
kasusahanana.

²⁹ Angin ribut ku Mantenna dieureunkeun,
ombak dilelerkeun.

³⁰ Maranehna atoh dumeh laut geus anteng,
ku Mantenna tuluy dituyun ka palabuan anu
dituju.

³¹ Maranehna kudu nganuhunkeun kana
kanyaah PANGERAN anu taya kendatna,
kana sagala karya-Na anu araheng pikeun
maranehna.

³² Maranehna kudu ngabewarakeun
kaagungan Mantenna di pakumpulan jalma-
jalma sarta muji Mantenna di rengrengan
pamingpin.

³³ PANGERAN ngarobah walungan-walungan disina saraat ngolettrak cinyusu-cinyusu marangpet teu ngaburial deui,

³⁴ tanah subur ngajadi tanah tuhur jeung ngandung uyah, lantaran jahatna jelema-jelema anu caricing di dinya.

³⁵ Mantenna ngarobah gurun keusik sina jadi empang-empang cai, tanah tuhur jadi pinuh ku cinyusu.

³⁶ Jalma-jalma lapar ku Mantenna ditempatkeun di dinya, nyarieun kota geusan pamatuhanana.

³⁷ Maranehna nebaran lahan jeung marelak anggur, tuluy dipupu, beubeunanganana mucukil.

³⁸ Mantenna ngaberkahan umat-Na, jadi rekah baranahan, ingon-ingonna disina tambah ngarekahan.

³⁹ Waktu umat Allah kasoran, hina, sangsara, lantaran digencet pohara telengesna,

⁴⁰ nu ngagencetna ku Mantenna dihina, disina uprak-apruk di gurun keusik nu tara katincak.

⁴¹ Sabalikna Mantenna ngajait anu mariskin tina kabalangsakanana, sarta kulawargana disina baranahan kawas kumbuhan domba.

⁴² Jalma balener narenjo hal ieu teh barungaheun, sabalikna nu jarahat mah teu kecet-kecet.

⁴³ Muga hal ieu dipalikiran ku nu barijaksana,
muga maranehna nyaraho kana kanyaah
PANGERAN nu taya kendatna.

108¹ Lagu. Jabur Daud. Abdi percaya
sagembengna ka Gusti, nun Allah,
seja nyanyi sareng muji ka Gusti! Hudang, eh
nyawa!

² Geura nyaring, he kacapi jeung siter, kami
rek ngahudangkeun panonpoe.

³ Nun PANGERAN, abdi seja nganuhunkeun
ka Gusti di satengahing bangsa-bangsa, seja
muji Gusti di tengah umat manusa.

⁴ Welas asih Gusti maratan cakrawala,
kasatiaan Gusti maratan angkasa.

⁵ Tempongkeun kaagungan Gusti di langit,
nun Allah, kamulyaan Gusti sumiratkeun ka
sakuliah jagat.

⁶ Salametkeun abdi sadaya ku pangawasa
Gusti, dangukeun paneda abdi, supados umat
kaasih Gusti kajait.

⁷ Ti kasuciana-Na Allah ngadawuh, "Kalawan
digjaya Kami rek mecah Sekem, jeung rek
ngabagikeun Lebak Sukot ka umat Kami.

⁸ Gilad boga Kami, kitu oge Manase. Epraim
balakutak Kami, ari Yuda teteken karajaan
Kami.

⁹ Tapi Moab mah rek dijieun kobokan Kami
sarta Kami rek maledogkeun tarumpah ka
Edom, pikeun tanda yen eta jadi milik Kami.
Kami rek nyurakkeun kaunggulan ka urang
Pelisti."

¹⁰Nun Allah, saha anu baris mawa abdi ka jero kota benteng? Saha nu baris mingpin abdi ka Edom?

¹¹Naha leres Gusti nolak ka abdi sadaya? Naha moal angkat nyarengan balad urang?

¹²Tulungan abdi sadaya ngayonan musuh, margi pitulung manusa mah gaplah.

¹³Reujeung Allah di gigireun, urang baris unggul, Mantenna baris ngelehkeun musuh urang.

109¹Pikeun pamingpin biduan. Jabur Daud. Nun Allah, anu ku abdi dipuji, Gusti ulah mindel bae!

²Nu jarahat sareng tukang bohong narajang ka abdi, nyebarkeun carita bohong perkawis abdi,

³sareng ngomongkeun jahat hal diri abdi, teu puguh-puguh narajang.

⁴Ka abdi ngaralawan, sakitu abdi nyaah sareng sok mangnedakeun maranehna.

⁵Kahadean abdi dipulangna ku kajahatan, kanyaah abdi dipulangna ku kangewa.

⁶Pilih sawatara hakim curang, sina nguji musuh abdi, sareng sina didakwa ku salah saurang musuh manehna.

⁷Mangka manehna sing kauji sareng kapendak kasalahanana, mangka ucap pamentana ge sing dianggap mangrupa kajahatan!

⁸Mangka hirupna sing tereh enggeusan, pangkatna sing diandih ku nu lian!

⁹ Mangka anak-anakna sing jaradi yatim,
pamajikanana sing jaradi randa!

¹⁰ Mangka anak-anakna sing ulah baroga
imah, jaradi tukang jajaluk, sing dibuburak ti
ruruntuk imahna.

¹¹ Mangka harta bandana sing dijabel ku nu
ngahutangkeun, beubeunangan digawena
sing dicokot ku jalma asing.

¹² Mangka sing ulah aya nu haat ka manehna
sing ulah aya nu watir ka anak-anakna nu
geus ditinggalkeun.

¹³ Mangka turunanana sing tumpur ludes,
ngaranna sing dipohokeun ku turunan
pandeuriueunana.

¹⁴ Mangka kajahatan karuhunna sing
kaemut-emut ku PANGERAN, sarta dosa-dosa
indungna sing ulah dihampura.

¹⁵ Mangka dosa-dosa maranehna
salawasna sing kaemut ku PANGERAN,
sabalikna maranehna sorangan mah sing
kapopohokeun sama sakali!

¹⁶ Eta jalma tara mikir hayang jadi jalma
bageur, sok nganiaya jeung maehan jalma
miskin, jalma sangsara, jeung jalma nu teu
boga daya.

¹⁷ Karesepna nyumpahan mangka dirina
sorangan sing aya anu nyumpahan. Cadu
ngaberkahan mangka dirina ge sing ulah aya
anu ngaberkahan!

¹⁸ Manehna geus biasa nyapa, cara geus
biasa dangdan, mangka panyapana sing

nyerep ka dirina kawas cai rembes, sing
nyerep kana balung-balungna kawas minyak!

¹⁹Sing mungkus kana awakna jadi bajuna,
sing meulit kana cangkengna, jadi sabukna
salilana!

²⁰Nun PANGERAN, hukum musuh-musuh
abdi kawas kitu, sakur anu ngagogoreng abdi
sapertos kitu.

²¹Sawangsulna nun PANGERAN Nu Maha
Agung, tulungan abdi, sakumaha jangji Gusti,
luputkeun abdi, demi kasaean sareng kaasih
Gusti.

²²Abdi teh miskin sareng balangsak, hate
raheut jero pisan.

²³Lir kalangkang wanci sore, abdi bakal
tereh sirna sapertos insekteun nu dikebutkeun.

²⁴Tuur nyorodcod lantaran kurang dahar,
awak kantun tulang sareng kulit.

²⁵Jalmi-jalmi nu naringal nyaleungseurikeun,
garogodeg ngahinakeun.

²⁶Tulungan, nun PANGERAN, Allah abdi,
demi kaasih Gusti nu taya kendatna,
salametkeun abdi!

²⁷Musuh-musuh abdi sina tarerangeun, yen
anu nyalametkeun abdi teh Gusti.

²⁸Sawios maranehna nyarapa ka abdi,
nanging Gusti mah mugi ngaberkanan. Mugi
anu ngadarakwa abdi areleh, sawangsulna
abdi Gusti mah sing tiasa bungah.

²⁹ Mugi musuh-musuh abdi nandang kahinaan, sing karungkup ku wiwirang lir katutup ku jubahna.

³⁰ Kaula seja nganuhunkeun ka PANGERAN masing tarik, seja muji Mantenna dina pagempungan jalma rea,

³¹ karana Mantenna ngaraksa ka jalma miskin, disalametkeun ti jalma-jalma anu ngaragragkeun hukum pati ka dirina.

110¹ Jabur Daud. PANGERAN ngadawuh kieu ka raja gusti kaula: "Geura calik katuhueun Kami, nepi ka musuh-musuh hidep, ku Kami dijieun titincakan hidep."

² PANGERAN ti Sion bakal ngalegakeun karajaan Jeng Gusti, dawuhana-Na, "Geura ereh musuh-musuh hidep."

³ Dina dintenan Gusti merangan musuh, rahayat baris maju sukarela. Lir ibun turun enjing-enjing para taruna baris darongkap ka Gusti di pasir suci.

⁴ PANGERAN jangji nganggo sumpah tur hamo dicabut deui, "Hidep baris jadi imam salalanggengna, sakumaha Melkisidik."

⁵ PANGERAN aya di tengeneun Jeng Gusti, ana Mantenna bendu, raja-raja pasti areleh.

⁶ Mantenna baris ngahukum bangsa-bangsa, medan perang bakal disina pinuh ku mayit, raja-raja sakuliah bumi baris dielehkeun.

⁷ Sang raja bakal ngaleueut ti susukan sisi jalan, kakiatanana pulih deui, bakal terus unggul.

111

¹ Puji PANGERAN! Kaula seja
nganuhunkeun ka PANGERAN
saiklas-iklasna, dina pagempungan umat-Na.

² Estu aheng padamelan-padamelan
PANGERAN! pantes mun diaraji ku sakur nu
kataji.

³ Dadamelana-Na estu mulya sarta agung,
tur kaadilana-Na langgeng.

⁴ PANGERAN moal kersaeun urang poho
kana damel-Na anu araheng; Mantenna sae
jeung welasan.

⁵ Mantenna ngarijkian ka sakur anu
ngahormat, tur tara lali kana perjangjiana-
Na.

⁶ Mantenna geus nembongkeun kakawasaan
ka umat-Na, ku jalan masihkeun ka
maranehna tanah milik bangsa-bangsa lian.

⁷ Dina sagala damelna Mantenna satia jeung
adil sagala parentah-Na beunang dipercaya,

⁸ tahan dina sagala jaman,
diparentahkeunana kalawan sayakti
jeung adil

⁹ Mantenna ngabebaskeun umat-Na, sarta
ngayakeun perjangjian langgeng jeung
maranehna. Mantenna estu suci tur hebat!

¹⁰ Saha-saha anu hayang jadi jalma
bijaksana, kudu hormat ka PANGERAN.
Mantenna baris maparin pangarti anu sehat
ka anu taat kana parentah-Na. Mantenna
layak dipuji salalanggengna.

112¹ Puji PANGERAN! Bagja jalma anu hormat ka PANGERAN, anu resep nekanan parentah Mantenna.

² Anak-anak jalma hade bakal kawasa di jero nagri turunanana bakal diberkahan.

³ Kulawargana bakal makmur sugih mukti, hade milik salalawasna.

⁴ Jalma hade, nu karunyaan, bageur, jeung adil, di nu poek bakal meunang sinar caang.

⁵ Bagja jalma anu daek nulung mere nginjeum, sarta jujur dina ngajalankeun usahana.

⁶ Jalma hade hamo gagal, sarta salalawasna bakal kapieling.

⁷ Manehna moal rentag ku seja imanna tabah tur percaya ka PANGERAN.

⁸ Hatena teu salempang, teu hariwang, sabab ngarasa yakin yen musuhna baris eleh.

⁹ Ka nu miskin daek mere reujeung murah hate, kahadeanana moal aya batalna, hirupna bakal kawasa jeung diajenan.

¹⁰ Nenjo kaayaanana kitu, nu jarahat arambekeun, tingpendelik arijideun, tuluy musna, harepanana mudedes salalawasna.

113¹ Puji PANGERAN! He abdi-abdi PANGERAN, paruji jenengan Mantenna!

² Mugia diparuji jenengana-Na ti ayeuna nepi ka salalanggengna.

³ Ti wetan nepi ka kulon, paruji jenengan PANGERAN!

⁴PANGERAN marentah ka sakabeh bangsa,
kamulyaana-Na ngaluhuran langit.

⁵Taya pisan nu saperti PANGERAN, Allah
urang. Panglinggihana-Na di puncakna luhur,

⁶tapi Mantenna dongko ningali ka langit
jeung bumi.

⁷Mantenna nyengkatkeun anu miskin
tina lebu, ngangkat nu masakat tina
kabalangsakan,

⁸sina satata jeung para pangeran, nya eta
para pangeran di kalangan umat-Na.

⁹Mantenna ngurniaan ibu rumah tangga
anu gabug, dibagjakeun dipaparin anak. Puji
PANGERAN!

1 1 4 ¹Waktu urang Israil budal ti Mesir,
²waktu turunan Yakub naringgalkeun
eta tanah asing,

²Yuda dijadikeun umat sucina PANGERAN,
Israil dijadikeun milik kagungan Mantenna.

³Laut Beureum mireungeuh, tuluy ngejat,
Walungan Yordan ngocorna eureun.

⁴Gunung-gunung tingarancul cara embe,
pasir-pasir tingalajret cara anak domba.

⁵Aya naon Laut, make ngejat? Jeung maneh,
Walungan Yordan, ku naon make eureun
ngocor?

⁶Maneh gunung-gunung, ku naon
tingarancul cara embe? Maneh pasir-pasir, ku
naon tingalajret cara anak domba?

⁷He bumi, hayoh gumerter dina sumpingna
PANGERAN, di payuneun Allahna Yakub,

⁸nu ngarobah gunung cadas ngajadi situ,
gunung batu ngajadi cinyusu.

115¹ Sanes abdi-abdi, nun PANGERAN,
nu kedah diagungkeun teh mung
Gusti nyalira, ku karana kaasih sareng
kasatiaan Gusti taya kendatna.

²Ku naon bangsa-bangsa make naranya,
"Mana Allah maraneh teh?"

³Allah urang aya di sawarga, nu iasa
ngadamel naon bae sakersa-Na.

⁴Aallahan maranehna mah tina perak, tina
emas, bubuatan leungeun jelema.

⁵Sungutan tapi teu lemek, mataan tapi teu
nenjo,

⁶ceulian tapi teu ngareungeu, irungan tapi
teu ngambeu,

⁷leungeunan tapi teu bisa rarampa, sukuan
tapi teu bisa leumpang, genggerongan tapi
teu bisaeun nyoara.

⁸Sing cara kitu sakur anu nyarieunna
jeung anu nyarembahna, sing cara arca-arca
bubuatanana.

⁹Sing percaya ka PANGERAN, eh urang Israil!
Mantenna nulungan jeung nangtayungan ka
maraneh.

¹⁰Sing percaya ka PANGERAN, eh imam-
imam Allah! Mantenna nulungan jeung
nangtayungan ka aranjeun.

¹¹Sing percaya ka PANGERAN, eh nu
nyarembah ka Mantenna! Mantenna nulungan
jeung nangtayungan ka maraneh.

¹²PANGERAN emut ka urang; sarta baris ngaberkahan ka urang, baris ngaberkahan ka urang Israil, jeung ka para imam Allah.

¹³Mantenna baris ngaberkahan sakur anu hormat ka Mantenna, boh nu gede boh nu leutik.

¹⁴Mugia maraneh dibarere anak ku PANGERAN, boh maraneh, boh turunan maraneh.

¹⁵Mugia maraneh diberkahan ku PANGERAN, anu ngadamel langit jeung bumi!

¹⁶Langit keur PANGERAN nyalira, tapi bumi mah ku Mantenna diserenkeun ka manusa.

¹⁷PANGERAN henteu dipuji ku nu geus paraeh, ku nu geus tarurun ka enggon nu simpe.

¹⁸Tapi urang, anu harirup, kudu muji sukur ka Mantenna, ti ayeuna nepi ka salalanggengna. Agungkeun PANGERAN.

116¹Kaula nyaah ka PANGERAN, sabab kersaeun ngadangu ka kaula, kersaeun ngagalih paneda kaula.

²Saban kaula sasambat, ku Mantenna didangukeun.

³Kaula dikepung ku bahya maot, diriung ku seremna kubur, sararieun jeung palaur.

⁴Seug kaula sasambat ka PANGERAN, "Aduh Gusti, salametkeun abdi!"

⁵PANGERAN teh sipat hampura jeung murah manah, Allah urang sipat welas.

⁶PANGERAN ngaraksa ka jalma anu teu walakaya; waktu kaula nyorang bahaya, ku Mantenna disalametkeun.

⁷He hate, sing yakin, sabab PANGERAN hade ka kami.

⁸PANGERAN geus ngajait kaula tina ajal, cipanon kaula ku Mantenna dipepet, kaula dicegah tina kasoran.

⁹Jadi kaula aya keneh di dunyana nu harirup, kumelendang di payuneun PANGERAN.

¹⁰Kaula tetep percaya, sanajan sok ngomong, "Aing diancurkeun sama sakali."

¹¹Sanajan ari keur kasieunan sok ngomong, "Euweuh anu bisa dipercaya."

¹²Naon atuh pamulang kaula ka PANGERAN kana sagala kasaeanan-Na ka kaula?

¹³Kaula rek ngahaturkeun anggur ka PANGERAN, nganuhunkeun kana pitulung-Na.

¹⁴Kaula rek nyumponan nadar ka Mantenna dina pagempungan sakabeh umat-Na.

¹⁵PANGERAN ngaraos kacida nyerina mun aya umat-Na anu maot!

¹⁶Abdi teh abdi Gusti, nun PANGERAN. Abdi ngabdi ka Gusti teh sapertos ngabdina pun biang. Gusti nyalametkeun abdi tina maot.

¹⁷Abdi bade ngahaturkeun kurban panarima, sareng nyanggakeun paneda ka Gusti.

¹⁸(116:18-19) Dina pagempungan sadaya umat Gusti, di tempat suci, di Bait Allah di Yerusalem, abdi bade ngalaksanakeun jangji. Puji PANGERAN!

¹⁹(116:18)

117 ¹Puji PANGERAN, he sakabeh
bangsa-bangsa! Puji Mantenna, he
sakumna umat!

²Asih-Na ka urang pohara, kasatiaan
Mantenna tetep salalanggengna. Puji
PANGERAN!

118 ¹Puji sukur ka PANGERAN, ku tina
kasaeana-Na, ku tina langgeng
asih-Na.

²Ucapkeun ku Israil, "Asih Mantenna
langgeng."

³Ucapkeun ku para imam Allah, "Asih
Mantenna langgeng."

⁴Ucapkeun ku sakabeh nu ngabakti ka
Mantenna, "Asih Mantenna langgeng."

⁵Sajeroning rupek, kami sasambat ka
PANGERAN, ku Mantenna didangu, kami
dibebaskeun.

⁶PANGERAN nyarengan kami, kami taya
karisi; rek bisa kumaha jelema ka kami?

⁷Nya PANGERAN anu nulung ka kami, kami
bakal nyaksian musuh kami kasoran.

⁸Mending percaya ka PANGERAN, ti batan
ngandelkeun manusia.

⁹Mending percaya ka PANGERAN, ti batan
ngandelkeun para pamingpin nu sipatna
manusia.

¹⁰Loba musuh anu ngepung kami, tapi ku
kawasa PANGERAN, kabeh ku kami dibasmi.

¹¹ Maranehna ngepung kami ti mana-mana,
tapi ku kawasa PANGERAN, kabeh ku kami
dibasmi.

¹² Maranehna napuk ka kami kawas nyiruan,
tapi lir seuneu ngahuru ruyuk gancang
pareumna, ku kawasa PANGERAN, kabeh ku
kami dibasmi.

¹³ Kami ditarajang hebat pisan, geus meh
eleh, tapi PANGERAN nulungan,

¹⁴ ku PANGERAN dibere tanaga jadi kuat;
Mantenna geus nyalametkeun kami.

¹⁵ Reungeukeun surak nu unggul di kemah-
kemah umat Allah: "Karongkahan PANGERAN
nu midamel kitu!"

¹⁶ Ku kakawasaan Mantenna urang unggul
ku karongkahan Mantenna di medan perang!"

¹⁷ Kami moal paeh, sabalikna malah hirup,
pikeun ngembarkeun padamelan-padamelan
PANGERAN.

¹⁸ PANGERAN geus ngahukum kami beurat
pisan, tapi Mantenna henteu ngantep kami
sina paeh.

¹⁹ Kami pangmukakeun lawang gapura Bait
Allah, rek asup, rek muji sukur ka PANGERAN!

²⁰ Tah ieu lawang gapura PANGERAN, ngan
jalma nu jujur nu bisa asup.

²¹ Abdi muji ka Gusti, parantos ngadangu
paneda abdi, sareng parantos maparin
kaunggulan.

²² Batu nu teu kapake ku nu ngawangun,
malah jadi anu pangpendingna.

²³Jadi kitu teh ku PANGERAN, katembongna matak helok.

²⁴Ieu teh poe kaunggulan PANGERAN, hayu urang suka bungah, urang pestakeun!

²⁵Salametkeun abdi sadaya, nun PANGERAN! Paparinan abdi-abdi kaunggulan, nun PANGERAN!

²⁶Mugia Allah ngaberkahan ka nu datang kalayan pajenengan PANGERAN, kaula sakumna ngaberkahan ti Bait PANGERAN.

²⁷PANGERAN teh Allah; Mantenna geus midamel kasaean ka urang. Bari nyarekel rangrang dangdaunan, pesta geura mimitian, tuluy maju ngurilingan altar.

²⁸Gusti teh Allah abdi. Abdi muji sukur ka Gusti. Abdi bade ngabewarakeun kaagungan Gusti.

²⁹Haturkeun nuhun ka PANGERAN, Mantenna sae ka urang, asih-Na langgeng.

119¹Bagja jalma anu hirupna taya celana, sarta ngalampahkeun hukum PANGERAN.

²Bagja jalma anu gumati kana parentah-Na, sarta taat ka Mantenna sagembengna hate.

³Maranehna moal nyieun kajahatan, hirupna nurutkeun jalan PANGERAN.

⁴Gusti ka abdi-abdi maparin hukum-hukum, nun PANGERAN, sangkan diestokeun kalawan satia.

⁵Mugi abdi sing tiasa tigin satia ngalakonan aturan-aturan Gusti.

⁶Saupami abdi ngesto kana hukum-hukum Gusti, tangtos moal nandangan kaera.

⁷Waktos hukum-hukum Gusti nu adil tea diaji, abdi teh leres-leres muji ka Gusti.

⁸Abdi sumeja taat kana hukum-hukum Gusti, Gusti ulah ngantunkeun.

⁹Kuma kedahna malar hirupna budak ngora tetep beresih? Nya kedah tumut kana satimbalan Gusti.

¹⁰Hate abdi mantep bade ngabdi ka Gusti, mugi ulah dugi ka teu nurut kana timbalan Gusti.

¹¹Hukum Gusti bade disimpen di jero hate, supados ulah dugi ka dosa ka Gusti.

¹²Abdi muji ka Gusti, nun PANGERAN, jalan Gusti wulangkeun ka abdi.

¹³Sadaya hukum paparin Gusti, ku abdi bade dibewarakeun deui.

¹⁴Ngalakonan timbalan-timbalan Gusti, bingahna lir gaduh rupi-rupi rajabrama.

¹⁵Pituduh-pituduh Gusti sumeja dilenyepan, piwulang-piwulang Gusti bade diaji.

¹⁶Abdi resep kana hukum-hukum Gusti, sareng moal hilap-hilap kana timbalan-timbalan Gusti.

¹⁷Abdi Gusti, nyuhunkeun piwelas, sangkan hirup sareng tiasa ngestokeun piwulang.

¹⁸Panon abdi beuntakeun, supados ningal kana kayaktian hukum Gusti anu narik ati.

¹⁹Abdi di dunya teh moal lami, hukum-hukum Gusti ulah dibuni-buni.

- ²⁰Hate gering kabungbulengan, hoyong terang saban waktos kana pangadilan Gusti.
- ²¹Gusti negor ka jalmi nu adigung, nyapa ka nu ingkar tina parentah.
- ²²Bebaskeun abdi tina panghina sareng pamoyok maranehna margi ngesto kana aturan-aturan Gusti.
- ²³Para pangereh barempug ngalawan ka abdi, nanging abdi mah bade ngulik piwulang Gusti.
- ²⁴Pituduh-pituduh Gusti pikaresepeun, sadayana lir jurunasehat abdi.
- ²⁵Abdi ngagoler dina lebu, mugi dipulihkeun sakumaha jangji Gusti.
- ²⁶Abdi parantos ngaku kalakuan, Gusti oge parantos ngawaler, ajar abdi hukum-hukum Gusti.
- ²⁷Paparin abdi ngartos kana hukum-hukum Gusti, piwulang Gusti anu narik ati seja dilenyepan.
- ²⁸Abdi parantos kateter ku kasusah, mugi ditegerkeun sakumaha jangji Gusti.
- ²⁹Tebihkeun abdi tina jalan anu lepat, demi kasaean Gusti, abdi wulang hukum-hukum Gusti.
- ³⁰Abdi parantos milih bade taat, bade mentingkeun pangadilan Gusti.
- ³¹Abdi parantos tumut kana piwulang-piwulang, nun PANGERAN, mugi ulah dugi ka nandangan kaera.

³² Kalayan suka abdi bade tumut kana
timbalan margi ku Gusti tangtos dikersakeun
langkung ngarti.

³³ Nun PANGERAN, pihartoseun hukum-
hukum Gusti teh wulangkeun, tangtos ku abdi
ditumutkeun salamina.

³⁴ Hukum Gusti teh terangkeun, tangtos ku
abdi diturut, bade dilakonan leres-leres.

³⁵ Mugi abdi tiasa junun kana hukum Gusti,
margi nya ku eta abdi ngarasa bagja.

³⁶ Mugi abdi gaduh kahayang kana
ngalampahkeun hukum Gusti sing langkung ti
hayang beunghar.

³⁷ Mugi abdi ulah dugi ka mikahayang
anu taya pigunaeunana, paparin kasaean,
sakumaha jangji Gusti.

³⁸ Teguhkeun jangji Gusti ka abdi, jangji anu
dijangjikeun ka sakur anu nurut ka Gusti.

³⁹ Raksa abdi tina panghina kasieun abdi,
estu aheng pangadilan Gusti!

⁴⁰ Abdi seja taat kana timbalan-timbalan,
paparin hirup anyar, margi Gusti teh adil.

⁴¹ Tempongkeun kaasih Gusti ka abdi, nun
PANGERAN, abdi salametkeun sakumaha
jangji Gusti.

⁴² Sangkan abdi tiasa ngajawab ka anu
ngahina pedah abdi percaya kana dawuhan
Gusti.

⁴³ Sing tiasa abdi teh ngucapkeun hal anu
leres, margi ngaharep kana pangadilan Gusti.

⁴⁴ Abdi bade ngestokeun hukum Gusti,
teras-tumeras, sapapaosna.

⁴⁵ Tangtos hirup abdi tiasa bebas lugina,
margi parantos ihtiari seja tumut kana
piwulang Gusti.

⁴⁶ Aturan-aturan Gusti bade diembarkeun ka
raja-raja, abdi moal era-era ngembarkeunana.

⁴⁷ Abdi malah resep ngalakonan eta
aturan-aturan, tur kalintang mikacintana.

⁴⁸ Abdi hormat sareng cinta kana eta
aturan-aturan, pituduh-pituduhna bade
dilenyepan.

⁴⁹ Mugi Gusti emut kana jangji ka abdi Gusti,
eta jangji teh ngahudang harepan abdi,

⁵⁰ anu jadi pangbeberah nalika abdi
sangsara, nya jangji eta jadi lantaran abdi
hirup.

⁵¹ Sakumaha dihinana ge ku anu aradigung,
abdi teu lesot-lesot ti hukum Gusti.

⁵² Abdi emut kana eta hukum anu parantos
aya ti kapungkur, sarta kalilipur ku eta, nun
PANGERAN.

⁵³ Abdi sok geregeteun ka anu jarahat,
lantaran maranehna ngalanggar hukum Gusti.

⁵⁴ Sapanjang hirup abdi anu pondok di
dunya, aturan-aturan Gusti ku abdi didamel
lalaguan.

⁵⁵ Ari wengi abdi sok emut ka Gusti, nun
PANGERAN, sareng sok mikiran hukum Gusti.

⁵⁶ Tumut kana aturan-aturan Gusti, karaos
bagjana ku abdi.

⁵⁷ Mung Gusti nu jadi kahayang abdi, nun PANGERAN, abdi jangji bade ngestokeun hukum Gusti.

⁵⁸ Sanget-sanget abdi nyuhunkeun piwelas, sakumaha jangji Gusti tea.

⁵⁹ Abdi parantos mikiran kalakuan, sareng jangji bade tumut kana aturan Gusti.

⁶⁰ Moal diengkekeun deui, gilig bade ngesto kana aturan Gusti.

⁶¹ Anu jarahat masangan pitapak, nanging abdi teu hilap kana hukum Gusti.

⁶² Tengah wengi abdi sok nyaring, teras muji hukum-hukum Gusti nu adil.

⁶³ Abdi teh batur jalmi-jalmi anu ngabdi ka Gusti, anu narurut kana hukum Gusti.

⁶⁴ Nun PANGERAN, bumi teh pinuh ku satia asih Gusti, aturan-aturan Gusti wulangkeun ka abdi.

⁶⁵ Gusti parantos nedunan jangji, nun PANGERAN, sakitu saena ka abdi Gusti.

⁶⁶ Mugi abdi dipaparin hikmat sareng pangarti, margi gilig percanten kana timbalan Gusti.

⁶⁷ Memeh kenging hukuman abdi teh sasab, nanging ayeuna mah ngesto kana pangandika.

⁶⁸ Gusti teh bageur, sakitu saena!
Katangtosan-katangtosan Gusti wulangkeun ka abdi.

⁶⁹ Nu arangkuh ka abdi mitenah, nanging abdi sakuat-kuat nurut kana aturan Gusti.

⁷⁰ Maranehna teu ngalartieun kana hukum Gusti, nanging abdi mah malah bagja ku eta.

⁷¹ Abdi dihukum teh sae jadina, jadi diajar perkawis aturan-aturan Gusti.

⁷² Keur abdi mah hukum-hukum Gusti teh langkung utami ti batan harta di dunya.

⁷³ Gusti anu ngajadikeun abdi kalayan nyalametkeunana, mugi maparin pangarti, sangkan abdi tiasa diajar hukum-hukum Gusti.

⁷⁴ Anu alajrih ka Gusti, naringal kalakuan abdi teh tangtos sarenangeun, dumeh abdi percaya kana jangji Gusti.

⁷⁵ Nun PANGERAN, abdi terang, putusan Gusti teh adil, pangna ngahukum ka abdi teh ku margi Gusti sipat satia.

⁷⁶ Eta welas asih Gusti teh mugia jadi panglipur, luyu sakumaha jangji ka abdi Gusti.

⁷⁷ Sing hawatos, supados abdi hirup, margi abdi resep kana hukum Gusti.

⁷⁸ Mugi nu aradigung teh sing areraeun ku lantaran pitenahna ka abdi; sawangsulna abdi mah bade ngalenyepan hukum Gusti.

⁷⁹ Mugi sugri nu alajrih ka Gusti, sareng nu tarerangeun kana aturan Gusti, darongkap ka abdi.

⁸⁰ Mugi abdi leres-leres nurut kana aturan-aturan Gusti, sareng ulah dugi ka nandangan erana kasoran.

⁸¹ Abdi parantos lungse ngantos-ngantos disalametkeun, nun PANGERAN, jangji Gusti kalintang diarep-arepna.

⁸² Panon parantos cape nyileuk jangji Gusti bari tumanya, "Iraha Gusti bade nulungan teh?"

⁸³ Diri abdi taya gunana, sapertos kirbat butut, nanging kana aturan-aturan Gusti mah teu hilap-hilap.

⁸⁴ Sabaraha lamina deui abdi kedah ngarep-ngarep? Iraha bade dihukumna anu nyangsara abdi?

⁸⁵ Nu aradigung, nu teu narurut kana hukum Gusti, parantos ngali lombang jero naheunan abdi.

⁸⁶ Sadaya aturan Gusti kenging diandelkeun; dupi abdi ku maranehna disangsara, digogoreng, mugi ditulungan!

⁸⁷ KAREP maranehna maehan abdi parantos meh hasil, nanging abdi tetep henteu ngalesotkeun parentah Gusti.

⁸⁸ Demi satia asih Gusti, sing hawatos ka abdi sangkan abdi tiasa ngestokeun hukum Gusti.

⁸⁹ Nun PANGERAN, pangandika Gusti teguh salalamina, langgeng abadi di sawarga.

⁹⁰ Kasatiaan Gusti lumangsung sapanjang jaman. Gusti parantos ngadegkeun bumi, eta tetep aya.

⁹¹ Saniskara ge sadayana aya dugi ka kiwari,
margi ku timbalan Gusti, margi sadayana ge
eta teh abdi-abdi Gusti.

⁹² Upami sanes hukum Gusti nu jadi sumber
kabagjaan abdi, tangtos abdi parantos tiwas
ku kasangsaraan.

⁹³ Abdi hamo lesot nyekel hukum Gusti,
margi nya ku eta Gusti ngahirupan abdi.

⁹⁴ Abdi teh kagungan Gusti, mugi
disalametkeun, margi parantos satiasa-tiasa
taat kana parentah Gusti.

⁹⁵ Abdi diarah ku nu jarahat bade
dipaehan, nanging tetep bade ngalenyepan
hukum-hukum Gusti.

⁹⁶ Abdi terang yen sagala rupi aya watesna,
nanging aturan-aturan Gusti mah sampurna.

⁹⁷ Kumaha cintana abdi kana hukum Gusti,
sadinten jeput kaemut-emut.

⁹⁸ Parentah Gusti salamina aya dina pikiran,
ngalantarankeun abdi jadi leuwih bijaksana ti
batan musuh.

⁹⁹ Pangarti abdi ngalangkungan guru-guru
sorangan, margi sok ngaji aturan-aturan
Gusti.

¹⁰⁰ Abdi gaduh hikmat anu langkung ti
batan jalmi karolot, margi nurut kana
parentah-parentah Gusti.

¹⁰¹ Hirup abdi pantrang kana lampah jahat,
margi hayang nurut kana pangandika Gusti.

¹⁰²Abdi henteu ingkar tina parentah-parentah Gusti, margi nya Gusti anu jadi guru abdi.

¹⁰³Dawuhan Gusti amis karaosna, langkung amis batan madu.

¹⁰⁴Tina hukum-hukum Gusti abdi kenging hikmah, sareng jadi ceuceub kana sagala kalakuan awon.

¹⁰⁵Pangandika Gusti teh lampu pikeun abdi, sinar caang nu nyaangan jalan abdi.

¹⁰⁶Abdi bade satia nyekel ikrar jangji yen bade nurut kana parentah-parentah Gusti.

¹⁰⁷Kasangsaraan abdi, nun PANGERAN, pikasieuneun, raksa hirup abdi, sakumaha jangji Gusti.

¹⁰⁸Tampi paneda pamuji sukur abdi, nun PANGERAN, sareng wulangkeun ka abdi parentah-parentah Gusti.

¹⁰⁹Abdi salamina naruhkeun nyawa; nanging kana hukum Gusti tara hilap.

¹¹⁰Abdi ditaheunan ku jalma-jalma jahat, nanging henteu ingkar tina parentah Gusti.

¹¹¹Timbalan-timbalan Gusti teh milik abdi anu langgeng, anu jadi kabagjaan hate.

¹¹²Tekad abdi bade tumut kana hukum-hukum dugi ka dintenan maot.

¹¹³Abdi cinta kana hukum Gusti, sareng ceuceub ka anu kirang satia ka Gusti.

¹¹⁴Gusti teh papayung sareng panyalindungan abdi, jangji Gusti jadi pangharepan abdi.

¹¹⁵ Nyalingkir ka ditu, he anu jarahat! Sabab kami rek taat kana parentah Allah kami.

¹¹⁶ Abdi pasihan kakiatan sakumaha jangji Gusti, tangtos abdi bakal hirup, pangharepan abdi ulah dugi ka gaplah.

¹¹⁷ Cepeng abdi sangkan salamet, sareng tiasa merhatikeun parentah Gusti sapapaosna.

¹¹⁸ Gusti nolak sakur anu nyimpang tina hukum Gusti, tipu daya maranehna mo aya paedahna.

¹¹⁹ Nu jarahat ku gusti didamel sapertos runtah, kitu margina abdi cinta kana aturan-aturan Gusti.

¹²⁰ Abdi ngarasa sieun ku Gusti, ngarasa gimir ku putusan-putusan Gusti.

¹²¹ Abdi parantos ngalampahkeun anu bener sareng nu sae, mugi ulah diselehkeun ka musuh!

¹²² Mugi jangji yen bade nulungan ka abdi Gusti, ulah dugi ka nu arangkuh teh ngagencet ka abdi.

¹²³ Cape panon balas ngantos pitulung pisalameteun ti Gusti, ngantos dibebaskeun sakumaha jangji Gusti.

¹²⁴ Mugi abdi dipidamel anu luyu sareng satia asih Gusti, sareng mugi diwulang hal parentah Gusti.

¹²⁵ Abdi teh gandek Gusti, mugi dipaparin pangarti, sangkan paham kana piwulang Gusti.

¹²⁶ Parantos dongkap mangsana Gusti nindak
jalmi-jalmi anu ngarempak hukum-hukum
Gusti.

¹²⁷ Abdi cinta kana parentah-parentah Gusti
langkung ti batan ka emas, ti batan ka emas
nu pangkolotna.

¹²⁸ Eta margina pangna abdi nyepeng
aturan-aturan Gusti, mikaijid kalakuan anu
serong.

¹²⁹ Piwulang-piwulang Gusti narik ati, kitu
margina bade leres-leres diestokeun.

¹³⁰ Keterangan piwulang Gusti teh mere
caang, ku anu bodo ge kahartos.

¹³¹ Bawaning kangen kana parentah Gusti,
ambekan abdi dugi ka ngangseg.

¹³² Lieuk abdi, mugi aya piwelas, sakumaha
Gusti parantos miwelas ka nu cinta ka Gusti.

¹³³ Tegerkeun abdi ulah dugi ka rubuh,
sakumaha jangji Gusti, ulah dugi ka eleh ku
kajahatan.

¹³⁴ Luputkeun abdi ti nu ngagencet, sangkan
tiasa ngestokeun parentah Gusti.

¹³⁵ Berkahan abdi, sarengan sareng wurukan
hal hukum-hukum Gusti.

¹³⁶ Abdi ceurik banjir cipanon, ningal
jalmi-jalmi teu ngestokeun hukum Gusti.

¹³⁷ Gusti teh adil, nun PANGERAN,
hukum-hukum Gusti sadayana saestu.

¹³⁸ Aturan-aturan anu dipaparinkeun teh,
estu adil tur sayakti.

¹³⁹ Amarah abdi lir seuneu ngagedur,
lantaran musuh-musuh nyapirakeun
parentah-parentah Gusti.

¹⁴⁰ Jangji-jangji Gusti teh estu pasti, ka eta
abdi teh cinta.

¹⁴¹ Abdi teh nya hina nya laip, nanging teu
nyapirakeun piwulang-piwulang Gusti.

¹⁴² Kaadilan Gusti nanjeur salamina
hukum-hukum Gusti bener sapapaosna.

¹⁴³ Abdi pinuh ku kasusah sareng kapaur,
nanging jadi janglar ku parentah-parentah
Gusti.

¹⁴⁴ Aturan-aturan Gusti salamina adil, mugi
sing kahartos ku abdi, sangkan abdi hirup.

¹⁴⁵ Kalayan hate gembleng abdi sasambat,
waleran, nun PANGERAN! Parentah Gusti
tangtos ku abdi diestokeun.

¹⁴⁶ Abdi sasambat, salametkeun, abdi
tangtos mupusti hukum Gusti.

¹⁴⁷ Ti memeh pajar meletek, abdi nyambat
pitulung, ngarep-ngarep laksanana jangji
Gusti.

¹⁴⁸ Sawewengi abdi teu weleh nyaring,
napakuran aturan-aturan Gusti.

¹⁴⁹ Demi satia asih Gusti, dangukeun
abdi, nun PANGERAN, sing aya piwelas,
tangtayungan nyawa abdi.

¹⁵⁰ Jalmi-jalmi telenges anu ngagencet ka
abdi, anu tara malire kana hukum Gusti,
sakedap deui ge darongkap, beuki deukeut.

¹⁵¹ Nanging Gusti aya caket abdi, nun PANGERAN, sarta parentah-parentah Gusti tetep ayana.

¹⁵² Parantos lami abdi diajar aturan-aturan Gusti, eta sadayana diyakeunana ku Gusti keur salalanggengna.

¹⁵³ Tingali kabalangsakan abdi, mugi abdi disalametkeun margi teu ingkar tina hukum Gusti.

¹⁵⁴ Mugi perkawis abdi dibela, mugi abdi dibebaskeun, salametkeun, sakumaha jangji Gusti.

¹⁵⁵ Nu daroraka tangtos moal disalametkeun, margi henteu ngestokeun hukum Gusti.

¹⁵⁶ Welas asih Gusti ageung pisan, nun PANGERAN, mugi welas ka abdi, mugi abdi disalametkeun.

¹⁵⁷ Musuh sareng anu ngagencet ka abdi teh seueur pisan, nanging abdi teu weleh taat kana hukum-hukum Gusti.

¹⁵⁸ Kacida geuleuhna abdi ka eta nu harianat teh? lantaran maranehna henteu ngalampahkeun parentah Gusti.

¹⁵⁹ Tingali, kumaha cintana abdi kana aturan-aturan Gusti, tulungan abdi, nun PANGERAN, demi welas asih Gusti anu tara gingsir.

¹⁶⁰ Jiwa hukum-hukum Gusti nya eta kayak tian, sarta kaadilan putusan-putusan Gusti sadayana langgeng.

¹⁶¹ Jalmi-jalmi anu karawasa narajang abdi tanpa sabab, nanging kasieun abdi mah hukum Gusti.

¹⁶² Abdi kacida ngarasa bagjana ku jangji Gusti, atoh sapertos jalmi anu manggih pependeman.

¹⁶³ Abdi ceuceub sareng geuleuh kana bohong, sawangsulna cinta kana hukum Gusti.

¹⁶⁴ Tujuh kali sadintenna abdi muji sukur ka Gusti, ku adilna putusan-putusan Gusti.

¹⁶⁵ Anu cinta kana hukum Gusti, kaamanana reugreug, moal aya naon-naon anu bisa ngabahyakeun maranehna.

¹⁶⁶ Abdi ngantos disalametkeun, nun PANGERAN, parentah-parentah Gusti parantos dilampahkeun.

¹⁶⁷ Abdi taat kana piwulang-piwulang Gusti, leres-leres abdi cinta ka eta.

¹⁶⁸ Parentah sareng aturan Gusti parantos dilampahkeun; sagala kalakuan abdi tangtos ku Gusti katingali.

¹⁶⁹ Mugi panyambat abdi dongkap ka Gusti, nun PANGERAN, abdi nyuhunkeun pangarti, sakumaha jangji Gusti.

¹⁷⁰ Dangukeun paneda abdi, salametkeun abdi, sakumaha jangji Gusti.

¹⁷¹ Salamina abdi bade muji ka Gusti, lantaran parantos diwulang perkawis hukum-hukum Gusti.

¹⁷²Abdi seja nganyanyikeun hukum Gusti,
margi parentah-parentah Gusti teh adil.

¹⁷³Gusti salamina tangtos kersa nulungan
abdi, margi abdi ngestokeun parentah Gusti.

¹⁷⁴Abdi kumejot hayang salamet ku pitulung
Gusti, nun PANGERAN, tur ngaraos bagja
hirup dina hukum Gusti.

¹⁷⁵Pasihan abdi hirup, supados muji ka Gusti
mugi aturan-aturan Gusti teh sing nulung ka
abdi.

¹⁷⁶Abdi sapertos domba sasab apruk-
aprukan, mugi abdi Gusti teh pilarian, ku
margi tara ingkar tina hukum-hukum Gusti.

120¹Lagu paranti jarah. Waktu keur
kasusahan, kaula sasambat ka
PANGERAN, ku Mantenna didangu.

²Nun PANGERAN, salametkeun abdi ti
jalma-jalma tukang bohong sareng tukang
tipu.

³Eh tukang-tukang bohong, baris
dikumahakeun cik maraneh ku Allah? Naon
cik hukuman ti Mantenna?

⁴Jamparing-jamparing lancip hiji prajurit,
ruhak ruhay!

⁵Hirup ngahiji jeung maraneh, sarua
cilakana jeung cicing di Mesek, atawa hirup
reujeung jeung urang Kedar.

⁶Geus liwat ti lila kaula hirup jeung jelema
anu ceuceub kana karapihan!

⁷Mun kaula ngomong sual karapihan,
maranehna mah hayang perang.

Mazmur 121.1–122.4 211

121¹ Lagu paranti jarah. Kaula mencrong gunung-gunung; ti mana baris datangna pitulung kaula?

²Pitulung ka kaula datangna ti PANGERAN,
nu ngadamel langit jeung bumi.

³Mantenna moal ngantep anjeun tiguling,
panyalindungan anjeun salawasna nyaring.

⁴Panyalindungan Israil leleyepan ge tara,
sumawonna kulem.

⁵PANGERAN ngaraksa ka maneh, salawasna
aya di gigireun, nangtayungan.

⁶Maneh ti beurang moal nepi ka kumaha
onam ku panonpoe, atawa ku bulan lamun ti
peuting.

⁷Ku PANGERAN tangtu ditangtayungan tina
picilakaeun, maneh aman dijaga.

⁸Dina datang dina indit maneh
ditangtayungan ku Mantenna, ayeuna
jeung salalawasna.

122¹ Lagu paranti jarah. Ti Daud. Kaula bungah waktu maranehna ngomong ka kaula, Yu urang indit ka gedong PANGERAN.

²Ayeuna urang geus di dieu, aya di sisi
gapura Yerusalem!

³Yerusalem kota anu diwangunna ditata
endah sagalana sarwa luyu.

⁴Nya ieu tempat anu didatangan ku
kaom-kaom, kaom-kaom Israil, anu rek
ngarucap sukur ka PANGERAN, sakumaha
parentah Mantenna.

⁵Nya di dieu raja-raja Israil caralikna,
ngahakiman rahayatna.

⁶Doakeun, Yerusalem sing kerta: "Anu
micinta ka anjeun hirupna masing jembar,

⁷di jero kuta anjeun sing aman santosa,
di jero karaton anjeun masing aya
katengtreman."

⁸Pikeun kapentingan sanak baraya jeung
mitra-mitra kami, kami ngadoakeun
Yerusalem, "Anjeun sing kerta santosa!"

⁹Pikeun gedong PANGERAN, Allah urang,
mugia anjeun sing makmur.

1 23¹Lagu paranti jarah. Abdi tanggah
ka Gusti, anu murba di sawarga.

²Lir gandek gumantung ka juragan pameget,
lir lanjang-lanjang, gumantung ka juragan
istri, harepan abdi sadaya museur ka Gusti,
ngarep-ngarep piwelas, nun PANGERAN, Allah
abdi sadaya.

³Nun PANGERAN, mugi aya piwelas ka
abdi-abdi, wireh parantos kacida teuing
dihina-hina,

⁴parantos lami teuing dipoyok ku nu
jararegud, dihina ku nu garumede.

1 24¹Lagu paranti jarah. Ti Daud.

Kumaha lamun urang teu diaping
ku PANGERAN? Pek jawab, Israil!

²"Lamun urang teu diaping ku PANGERAN,
waktu urang ditarajang musuh,

³ tan wande urang geus diteureuy
hirup-hirup, ku maranehna anu sakitu
arambekeunana,

⁴ pinasti urang geus palid kabawa ku caah,
tilem-timbul di walungan nu ngagulidag;

⁵ tinangtu urang geus paraeh tikerebek dina
umpalan anu sakitu ngamukna."

⁶ Puji sukur ka PANGERAN, Mantenna henteu
ngantep urang kabasmi ku musuh.

⁷ Urang bisa luput, cara manuk ucul tina
saweuy tukang taheun; saweuya rantas,
urang bebas!

⁸ Pitulung ka urang datangna ti PANGERAN,
nu ngadamel langit jeung bumi.

125¹ Lagu paranti jarah. Jalma anu
percaya ka PANGERAN saibarat
Gunung Sion, moal inggeung, moal ngeser.

² Sakumaha gunung-gunung ngalingkung
Yerusalem, kitu keneh PANGERAN
ngalingkungan umat-Na, ayeuna jeung
salalanggengna.

³ Moal salawasna anu jahat disina terus
kawasa di nagri jalma-jalma balener, sabab
lamun kitu, anu balener oge bisa kabawakeun
jahat.

⁴ Nun PANGERAN, mugi maparin kasaean ka
jalmi anu sae, sareng ka anu ngesto kana
parentah Gusti.

⁵ Nanging upami Gusti ngahukum nu jahat,
anu ingkar tina jalan Gusti oge kedah
dihukum. Mugia Israil aman santosa.

126¹ Lagu paranti jarah. Waktu
PANGERAN mulangkeun urang ka
Sion, harita mani asa ngimpi!

² Urang teh bisa seuri, bisa nyanyi, suka
bungah! Tina hal urang kitu, kieu ceuk
bangsa-bangsa lian, "PANGERAN geus nyieun
hal anu hebat pikeun maranehna."

³ Memang, PANGERAN geus ngayakeun hal
anu hebat pikeun urang, kacida bungahna
urang harita!

⁴ Nun PANGERAN, mugi abdi-abdi tiasa
makmur deui, sapertos walungan saat caian
deui dina usum hujan.

⁵ Mugi anu tadina pepelakan bari ceurik,
tiasa mpu hasilna bari suka bungah.

⁶ Mugi anu tadina indit tebar bari rambisak,
warangsulna sing barungah ngahaleuang
marawa hasil pepelakanana.

127¹ Lagu anggitan Suleman. Mun lain
PANGERAN nu ngadegkeun imah,
pagawean tukang-tukangna moal aya hasilna.
Mun lain PANGERAN nu ngaraksa kota, cumah
bae dikawal dikemitan oge.

² Cumah digawe pohara nyiar kipayah,
hudang isuk-isuk, hees kapeutingan, da
PANGERAN maparinan ka jalma nu diasih-Na
teh waktu jelemana keur sare.

³ Anak teh kurnia ti PANGERAN, eta teh
ganjaran sajati.

⁴Anak lalaki anu lahir waktu bapana ngora keneh, eta lir jamparing anu dicangking ku prajurit.

⁵Bagja jalma, anu loba boga jamparing saperti kitu, mun tepung jeung musuh di pangadilan, manehna moal kasoran.

128¹Lagu paranti jarah. Jamuga sakur nu taat ka PANGERAN, anu hirupna nurutkeun timbalan Mantenna.

²Pangasilan maneh baris picukupeun, tangtu senang, moal aya kakurang.

³Bojo maneh bakal saibarat tangkal anggur anu buahna leubeut di jero imah maneh, anak-anak maneh nu lalaki bakal saibarat tangkal jetun ngora, ngariung meja maneh.

⁴Kitu berkah nu baris katarima ku jalma anu taat ka PANGERAN.

⁵Mugia PANGERAN ngaberkaahan ka maneh ti Sion! Mugia maneh dina sapanjang hirup bisa nenjo kamakmuran Yerusalem!

⁶Mugia maneh panjang umur, bisa nenjo anak incu! Mugia Israil aman santosa!

129¹Lagu paranti jarah. Israil, caritakeun ka kaula, kumaha dikaniayana andika ti jaman ngora.

²"Ti jaman kaula ngora, musuh geus nganiaya kaula kacida telengesna, tapi teu bisaeun nundukkeun kaula.

³Maranehna ngaraheutan tonggong kaula, jarero lir tapak wuluku dina taneuh.

⁴Tapi PANGERAN anu sipat adil, geus ngabebaskeun kaula tina perbudakan."

⁵Sakur nu geuleuh ka Sion, mangka areleh mundur kateter.

⁶Muga maranehna sing cara jukut di suhunan imah, geus garing samemeh jadi,

⁷moal aya nu nyumpulkeun, moal aya anu meungkeut atawa mawa.

⁸Nu laliwat jajauheun kana ngadoakeun, "Mugi anjeun diberkahan ku PANGERAN! Kitu berkah ti kaula, demi asma PANGERAN."

130¹Lagu paranti jarah. Ti jero jungkrang kabalangsakan abdi jumerit, nun PANGERAN!

²Dangukeun, nun PANGERAN, dangukeun panyambat abdi neda pitulung!

³Upami dosa abdi-abdi ku Gusti tetep diemutan, saha anu tiasa luput tina hukumanana?

⁴Nanging da Gusti kersa ngahampura, ku margi kitu abdi-abdi bade tumut ka Gusti kalayan hormat.

⁵Kaula kacida ngaharepna kana pitulung PANGERAN, tur percaya kana jangji-Na.

⁶Nyongsrongna hate kaula ka PANGERAN, leuwih ti batan ronda peuting ngadago subuh ti batan ronda peuting ngadago subuh.

⁷Israil kudu percaya ka PANGERAN, ku karana satia asih-Na sarta salawasna kersaeun nulungan.

⁸Mantenna kersaeun ngajait umat Israil tina sagala dosa-dosana.

131 ¹Lagu paranti jarah ti Daud. Nun PANGERAN, abdi parantos ampun tina kaadigungan, parantos tobat tina kaangkuhan. Tara urusan sareng perkara arageung atanapi sual-sual anu langkung ti sulit.

²Sawangsulna parantos ngaraos puas sareng tengtrem. Lir budak leutik anu dipepende ku indungna, nya kitu tengtremna hate abdi dina diri abdi.

³Israil kudu percaya ka PANGERAN, ayeuna jeung salalanggengna.

132 ¹Lagu paranti jarah. Nun PANGERAN, mugi emut ka Daud sareng sagala kasangsaraanana.

²Mugi emut kana jangjina kapungkur, panadarana ka Gusti, Nu Maha Kawasa, Allah Yakub:

³"Kami moal waka ka imah atawa ka enggon,

⁴moal waka ngaso atawa mondok,

⁵Iamun tacan mangnyieunkeun tempat pikeun PANGERAN, hiji gedong pikeun Nu Maha Kawasa, Allah Yakub."

⁶Di Betlehem urang geus ngareungeu hal Peti Perjangjian, sarta eta ku urang kapanggih di tegal Yarim.

⁷ Ceuk urang, "Hayu urang ka gedong PANGERAN, urang ngabakti hareupeun tahta Mantenna."

⁸ Mangga atuh GUSTI, sumping ka Bait Gusti sareng Peti Perjangjian, lambang kakawasaan Gusti, nun PANGERAN, linggih di dieu salamina.

⁹ Mugi imam-imam Gusti salamina ngalampahkeun anu bener, mugia umat Gusti sarurak!

¹⁰ Gusti ngayakeun perjangjian ka Daud, abdi Gusti, mugi eta raja pilihan Gusti teh ulah ditolak, nun PANGERAN.

¹¹ Gusti parantos sumpah ka Daud, hiji jangji anu ku Gusti hamo dibatalkeun: "Kami baris ngangkat anak maneh saurang, jadi raja, sina marentah sanggeus maneh.

¹² Upama anak-anak maneh gumati kana perjangjian Kami, jeung kana parentah-parentah nu ku Kami diparentahkeun, anak-anak maranehna oge salawasna bakal jaradi raja ngaganti maneh."

¹³ PANGERAN geus milih Sion, geusan jadi panglinggihana-Na:

¹⁴ "Nya di dieu Kami rek matuh salawasna, nya di dieu tempat Kami marentah.

¹⁵ Sion sina lubak-libuk, sagala kaperluanana rek dicukup, pakir miskinna sina sareubeuh dahar.

¹⁶ Imam-imamna rek diberkahan dina sagala gawena, umatna disina nyaranyi jeung surak.

¹⁷ Di dieu Kami rek ngangkat saurang ti turunan Daud, sina jadi raja gede, sarta pamarentahanana rek disina langgeng.

¹⁸ Karajaanana rek disina jembar raharja, sabalikna, musuh-musuhna rek disina nandangan kaera."

133 ¹Lagu paranti jarah ti Daud. Mana teuing hadena jeung senangna, lamun umat Allah runtut-raut hirupna!

²Saibarat minyak pangistrenan anu mahal nyakclak tina mastaka jeung rumbah Harun, terus mapay kana beuheung jubahna.

³Ibarat ciibun ti Gunung Hermon, anu murubut ka pasir Sion. Nya di dinya PANGERAN ngajangjikeun berkah-Na, nya eta hirup nu moal aya tungtungna.

134 ¹Lagu paranti jarah. Hiap urang muji ka PANGERAN, he para abdi-Na, he anu garawe peutting di Bait Allah!

²Tadahkeun leungeun ka tempat anu suci, bari paruji PANGERAN!

³Mugia PANGERAN, anu ngadamel langit jeung bumi, ngaberkahan aranjeun ti Sion.

135 ¹Puji PANGERAN! Paruji jenengan PANGERAN, eh, maraneh nu jadi abdi-Na,

²nu araya di gedong PANGERAN, di jero Bait panglinggihan Allah urang.

³Paruji PANGERAN, ku karana kasaeana-Na, paruji jenengana-Na, ku karana murah manah-Na.

⁴Karana PANGERAN geus milih Yakub, milih Israil dijadikeun milik kagungana-Na.

⁵Kaula terang, Allah urang teh agung, ngungkulan sakabeh dewa.

⁶Mantenna iasa midamel naon bae sakersa-Na, di langit jeung di bumi, di lautan jeung di jero samudra.

⁷Mantenna ngadatangkeun mega ti tungtung-tungtung bumi, ngadamel kilat ngabarengan hujan angin, ngabudalkeun angin kaluar ti gudangna.

⁸Di Mesir Mantenna maehan sakabeh cikal, anak jalma, anak sato.

⁹Di ditu Mantenna ngayakeun mujijat jeung kaahengan, pikeun ngahukum raja saponggawana.

¹⁰Mantenna numpes bangsa-bangsa, maehan raja-rajana anu digjaya:

¹¹Sihon, raja urang Emor, Og, raja Basan, katut sakabeh raja-raja di Kanaan.

¹²Tanah-tanahna dipasihkeun ka umat-Na, dipasihkeun ka Israil.

¹³Nun PANGERAN, salamina Gusti baris dimashurkeun yen Gusti teh Allah saban turunan baris aremut ka Gusti.

¹⁴PANGERAN bakal ngabela umat-Na bakal mikawelas abdi-abdi-Na.

¹⁵Dewa bangsa-bangsa dijieunna tina perak jeung emas, bubuatan leungeun jelema.

¹⁶Sungutan tapi teu bisaeun lemek, mataan tapi teu bisaeun neuleu.

¹⁷ Ceulian tapi teu bisaeun ngareungeu,
sungutna taya napasan.

¹⁸ Muga anu nyarieunna jeung anu
nyarembahna ge sing jaradi cara arca-arca
bubuatanana!

¹⁹ Paruji PANGERAN, eh urang Israil! Paruji
Mantenna, eh imam-imam Allah!

²⁰ Paruji PANGERAN, eh urang Lewi, paruji
Mantenna, eh nu ngabarakti ka Mantenna!

²¹ Pinuji PANGERAN di Sion, di Yerusalem,
panglinggihana-Na. Paruji PANGERAN.

136 ¹Haturkeun nuhun ka PANGERAN,
demi kaseaana-Na, asih-Na
langgeng.

²Haturkeun nuhun ka nu pangagungna ti
sakabeh dewa, asih-Na langgeng.

³Haturkeun nuhun ka nu pangkawasana ti
sakabeh pangeran, asih-Na langgeng.

⁴Ngan Mantenna, nu ngadamel mujijat-
mujijat agung, asih-Na langgeng.

⁵Ku kawijaksanaanana Mantenna
ngadegkeun langit asih-Na langgeng.

⁶Mantenna ngadegkeun bumi di luhureun
cai jero, asih-Na langgeng.

⁷Mantenna ngadamel panonpoe jeung
bulan, asih-Na langgeng;

⁸panonpoe geusan ngarajaan beurang,
asis-Na langgeng.

⁹bulan jeung bentang-bentang geusan
ngaratuan peuting, asih-Na langgeng.

¹⁰ Mantenna maehan cikal-cikal urang Mesir,
asih-Na langgeng.

¹¹ Mantenna nuyun urang Israil budal ti
Mesir, asih-Na langgeng;

¹² ku pananganana anu kuat jeung bedas,
asih-Na langgeng.

¹³ Mantenna meulahkeun Laut Beureum,
asih-Na langgeng,

¹⁴ umat-Na dituyun nyorang eta laut, asih-Na
langgeng,

¹⁵ sabalikna raja Mesir jeung baladna
diteuleumkeun, asih-Na langgeng.

¹⁶ Mantenna mingpin umat-Na nyorang
gurun keusik, asih-Na langgeng.

¹⁷ Mantenna maehan raja-raja anu garagah,
asih-Na langgeng.

¹⁸ Mantenna maehan raja-raja anu kasohor,
asih-Na langgeng,

¹⁹ maehan Sihon, raja urang Emor, asih-Na
langgeng,

²⁰ maehan Og, raja Basan, asih-Na langgeng.

²¹ Tanah maranehna ku Mantenna
diserenkeun ka umat-Na, asih-Na langgeng,

²² dipasihkeun ka Israil, abdi Mantenna,
asih-Na langgeng.

²³ Mantenna henteu lali waktu urang
kasoran, asih-Na langgeng.

²⁴ Mantenna ngaleupaskeun urang ti musuh,
asih-Na langgeng.

²⁵ Mantenna maparin dahareun ka sakabeh
mahluk hirup, asih-Na langgeng.

²⁶Haturkeun nuhun ka Allah nu murbeng langit, asih-Na langgeng.

137 ¹Di sisi walungan-walungan Babul, urang dariuk, di dinya urang careurik ari ras inget ka Sion.

²Di dinya, dina dahan-dahan gandarusa, urang ngait-ngaitkeun kacapi.

³Ku jalma-jalma anu ngaboyong, urang teh dititah nyanyi jang nyenangkeun maranehna, carekna, "Kami pangnyanyikeun lagu ti Sion."

⁴Naha bisa urang nyanyi pikeun PANGERAN di nagri deungeun?

⁵Muga kuring sing ulah bisa deui ngacapi, lamun poho ka anjeun, Yerusalem!

⁶Mugi kuring sing ulah bisa deui nyanyi, lamun teu inget ka anjeun, lamun poho yen anjeun teh utamaning kasukaan kuring!

⁷Nun PANGERAN, sing emut kana kalakuan urang Edom, nalika ngagempur Yerusalem. Sing emut kana sosoakna: "Gempur, ratakeun jeung taneuh!"

⁸He Babul, maneh bakal dibinasakeun. Bagja jalma anu engke ngabales ka maneh, anu pinaureun kalakuan-kalakuan maneh ka kami,

⁹anu bakal nyokot orok-orok maneh bari seug digebotkeun kana batu cadas.

138 ¹Ti Daud. Nun PANGERAN, abdi sumeja unjuk nuhun ka Gusti, saterusing ati, di hareupeun para dewata, abdi sumeja nyanyi muji ka Gusti.

²Sumeja sujud mayun ka Bait Gusti nu suci, muji jenengan Gusti, ku karana satia asih Gusti, anu parantos nembongkeun, yen jenengan sareng parentah Gusti teh pinunjul.

³Nalika abdi sasambat, ku Gusti didangu, dikuatkeun ku kakuatan Gusti.

⁴Sadaya raja di dunya bakal maruji ka Gusti, nun PANGERAN, margi parantos ngaruping jangji Gusti.

⁵Maranehna bakal nganyanyikeun padamelan sareng karosaanana kaagungan Gusti.

⁶Gusti teh maha luhur, kacida luhurna, nanging kersa nitenan jalmi nu laip, jalmi nu adigung teu tiasa nyumput ti Gusti.

⁷Waktos abdi dikurubut ku pakewuh, tetep aman ku pangjagi Gusti, Gusti ngayonan musuh abdi anu keur ngamuk, ku pangawasa Gusti abdi salamet.

⁸Gusti tangtos kersa ngabuktoskeun sadaya jangji. Nun PANGERAN, asih Gusti teh langgeng. Sugri padamelan anu parantos diawitan, mugi disampurnakeun.

1 39 ¹Pikeun pamingpin biduan. Jabur Daud. Nun PANGERAN, Gusti parantos nguji diri abdi sareng uninga ka abdi.

²Gusti uninga kana sagala rupi anu dilampahkeun ku abdi, ti nu tebih Gusti waspaos kana pipikiran abdi.

³Boh abdi keur digawe, boh keur reureuh,
ku Gusti abdi katingali, sagala tingkah polah
abdi kauninga.

⁴Malah Gusti uninga kana pisanggemeun
abdi memeh ku abdi dikedalkeun.

⁵Di mana-mana di sakurilingeun abdi, Gusti
aya, kakawasaan Gusti ngaraksa.

⁶Kauninga Gusti perkawis abdi pohara
jerona, henteu kahontal ku akal.

⁷Ka mana abdi tiasa indit nyingkiran Gusti?
Ka mana abdi tiasa ngejat ti hadirat Gusti?

⁸Ngungsi ka langit, Gusti aya di dinya,
nyempod ka alam maot, Gusti aya di dinya.

⁹Hiber ka beh ditueun wetan, atanapi matuh
di peuntas pangjauhna di kulon,

¹⁰Gusti aya di dinya baris nungtun abdi,
Gusti aya di dinya baris nulungan abdi.

¹¹Upami abdi menta ka poek sina moekan,
atanapi menta ka caang sina jadi peuting,

¹²poek oge keur Gusti mah henteu poek,
wengi oge sami caang sapertos siang. Poek
sareng caang keur Gusti mah sami bae.

¹³Gusti nu nyipta saban babagian raga abdi,
Gusti nu merenahkeun, anu ngawangunna
dina kandungan pun biang.

¹⁴Abdi muji sukur ka Gusti, Gusti estu luar
biasa sugri damel Gusti ajaib, pikahelokeun;
eta abdi terang pisan.

¹⁵Waktos tulang-tulang abdi dirakit, ati-ati
diteundeun di jero kandungan pun biang,

waktos abdi kalayan rasiah tumuwuh di dinya,
Gusti uninga yen abdi aya di dinya.

¹⁶ Memeh abdi lahir ku Gusti parantos
katingali. Poe-poe pikeun abdi parantos
diserat dina kitab Gusti, samemeh eta
poe-poe ngawitan.

¹⁷ Mamanahan Gusti keur abdi kacida
muskilna, nun Allah, kacida seueurna!

¹⁸ Upami eta kedah dietang, seueurna sami
sareng keusik. Barang lilir, tetep we abdi teh
di Gusti keneh.

¹⁹ Nun Allah, kacida abdi ngarep-ngarepna
supados anu jarahat teh ku Gusti dipaehan!
Kacida abdi ngarep-ngarepna supados anu
barengis teh undur ti abdi!

²⁰ Maranehna ngagogoreng ka Gusti,
ngaromongkeun jahat jenengan Gusti.

²¹ Kacida abdi ijidna ka jalma-jalma anu
ijid ka Gusti! Kacida teu resepna abdi ka
jalma-jalma nu ngalawan ka Gusti!

²² Geuleuhna nataku ka nu karitu teh
maranehna teh musuh, dianggapna ku abdi.

²³ Pariksa diri abdi, rrahrah pipikiran abdi,
nun Allah, uji, bolekerkeun eusi hate abdi.

²⁴ Kotek tak bilih di dinya aya kajahatanana
teras tungtun abdi ka jalan nu langgeng.

140¹ (140-1) Pikeun pamingpin
biduan. Jabur Daud. (140-2) Nun
PANGERAN, leupaskeun abdi ti jalma-jalma
jahat, tangtayungan ti jalmi-jalmi anu
barengis,

²(140-3) anu haben bae ngareka kajahatan,
unggal-unggal dinten nyieun picekcokeun.

³(140-4) Letahna lir oray matih,
omonganana lir peurah oray sinduk.

⁴(140-5) Nun PANGERAN, raksa abdi tina
kakawasaan jalma-jalma jahat, tangtayungan
ti jalmi-jalmi anu barengis anu bade
ngajungkelkeun abdi.

⁵(140-6) Nu aradigung naheunkeun
pitapakna, naheunkeun euradna, sapanjang
jalan masangkeun tataheunan, naheunan
abdi.

⁶(140-7) Kaula unjukan ka PANGERAN:
"Gusti teh Allah abdi." Dangukeun panyambat
abdi, nun PANGERAN!

⁷(140-8) Nun PANGERAN Nu Maha Agung,
Jurusalamet abdi nu digjaya, Gusti parantos
nangtayungan abdi di medan perang.

⁸(140-9) Nun PANGERAN, tong diluluskeun
kahayangna anu jarahat teh, reka perdayana
sing ulah laksana.

⁹(140-10) Musuh-musuh abdi ulah disina
unggul, hianatna ka abdi sing malindes ka
maranehna sorangan.

¹⁰(140-11) Muga maranehna sing dihujanan
ku ruhak marong, sing digebruskeun ka
gorowong anu jero, ulah sina kalaluar deui.

¹¹(140-12) Muga ulah hasil niatna nu
maritenah, muga sing carilaka jalma-jalma
anu barengis.

¹²(140-13) Nun PANGERAN, abdi terang yen Gusti ngabela perkara jalmi miskin, sareng hak-hakna jalmi walurat.

¹³(140-14) Kantenan, nu balener teh bakal muji ka Gusti, maranehna bakal araya di hadirat Gusti.

141 ¹Jabur Daud. Nun PANGERAN, abdi sasambat ka Gusti, enggal tulungan. Ana abdi sasambat mugi didangu.

²Tampi paneda abdi lir dupa. Tampi leungeun abdi anu nadah, lir kurban peuting.

³Nun PANGERAN, tempatkeun pangawal dina sungut abdi, tempatkeun nu kemit dina biwir abdi.

⁴Jagi abdi, supados henteu mikahayang kaawonan henteu ngiring kana kajahatan jalmi nu jarahat henteu ngiring kana pestana.

⁵Abdi nampi kana hukuman sareng panegorna jalmi sae, sawangsulna teu hayang dihormat ku jalmi jahat, lantaran paneda abdi salamina pikeun ngalawan kalakuanana anu goreng.

⁶Upama para pamanggul maranehna parantos ditotogkeun ti luhur karang, nembe karasa ku jalmi-jalmi yen omongan abdi bener.

⁷Lir kayu anu dibeulah sarta dicacag lembut, tulang-tulang maranehna bakal ngabarak sisi kuburan.

⁸Sawangsulna abdi tetep percaya ka Gusti,
nun PANGERAN abdi Nu Maha Agung. Ka
Gusti abdi nyalindung, raksa abdi tina ajal!

⁹Mugi abdi diraksa tina pitapak musuh,
diluputkeun tina eurad jalma jarahat.

¹⁰Muga eta anu jarahat teh beunang ku
tataheunanana sorangan, sawangsulna abdi
sing lulus.

142¹(142-1) Lagu atikan ti Daud,
waktu di jero guha. (142-2) Kaula
sasambat ka PANGERAN, menta pitulung,
ngajerit ka Mantenna,

²(142-3) ngucutkeun eusining hate,
ngadadarkeun sagala karuwedan.

³(142-4) Waktu kaula geus meh ngarasa
teter, Mantenna mah uningaeun kaula kudu
kumaha. Jalan tincakeun kaula ku musuh
dipasangan pitapak.

⁴(142-5) Waktu ngalirik ka gigir, kaula
teu nenjo saha-saha nu pinulungeun, taya
saha-saha keur geusan pamuntangan, kaula
geus teu aya nu mirosea.

⁵(142-6) Nun PANGERAN, abdi jumerit neda
pitulung, nya Gusti panyalindungan abdi,
mung Gusti anu perlu kanggo hirup abdi.

⁶(142-7) Dangukeun panyambat abdi,
tulungan, abdi parantos teu sanggup.
Salametkeun abdi ti musuh anu langkung
unggul batan abdi.

⁷(142-8) Bebaskeun abdi tina ieu
kasusah, supados Gusti ku abdi dipuji dina

pagempungan umat Gusti, ku karana kasaean
Gusti ka abdi.

143¹ Jabur Daud. Nun PANGERAN,
dangukeun paneda abdi. Demi
kaadilan Gusti, dangukeun panuhun abdi.
Demi kasatiaan Gusti, mugi kersa ngawaler
ka abdi.

²Mugi abdi Gusti ulah didoja, margi di
payuneun Gusti mah jalmi teh teu aya nu
henteu salah.

³Abdi parantos kaudag ku musuh, parantos
kasoran sama sakali. Ku musuh digubragkeun
ka jero panjara poek, kaayaan abdi sapertos
anu parantos lami maot.

⁴Harepan parantos meh seep, kacida
baluwengna.

⁵Abdi jadi emut ka waktos-waktos anu
kalangkung, emut kana sugri padamelan
Gusti, karya-karya Gusti dilenyepan.

⁶Abdi nadahkeun leungeun, neneda ka
Gusti, ngaraos sono ka Gusti, lir tanah garing
sono ka cai.

⁷Enggal waler, nun PANGERAN, margi
abdi parantos seep pangharepan. Mugi ulah
nyumputan, bilih abdi ngahiji sareng anu
parantos tarurun ka jero kubur.

⁸Geuing abdi unggal enjing, sangkan emut
kana satia asih Gusti, margi nya ka Gusti abdi
percaya. Paneda abdi mumbulna ka Gusti,
tuduhkeun jalan anu ku abdi kedah ditempuh.

⁹Abdi dongkap seja nyalindung, nun PANGERAN, lputkeun abdi ti musuh.

¹⁰Gusti teh Allah abdi, wulangkeun ka abdi kumaha pangersa Gusti. Sing welas ka abdi, tungtun abdi ka jalan anu aman.

¹¹Luputkeun abdi, luyu sareng jangji Gusti, nun PANGERAN, salametkeun abdi tina kasesah, demi kasaean Gusti.

¹²Demi welas asih Gusti ka abdi, musuh abdi paehan, sakur anu ngagencet ka abdi mugi dibasmi, kitu panuhun ti abdi Gusti.

144¹Ti Daud. Puji PANGERAN, papayung kaula! Mantenna ngalatih kaula jurit jeung ngajar kaula perang.

²Mantenna papayung anu bela ka kaula, panyalindungan jeung jurusalamet kaula. Di Mantenna kaula percaya yen aman. Mantenna nundukkeun bangsa-bangsa ka kaula.

³Nun PANGERAN, naon manusa teh pangna ku Gusti dipirosea? Eta teh mung manusa, ku Gusti bet diperhatoskeun?

⁴Manusa teh mung sapertos angin sahius umurna mung sapertos kalangkang ngolepat.

⁵Nun PANGERAN, soehkeun langit sing muka, lajeng lungsur, rampa gunung-gunung, tangtos meledug haseupna.

⁶Burinyaykeun kilat, buyarkeun musuh-musuh Gusti, pentang-pentangkeun jamparing Gusti, musuh sina putat-patit lalumpatan.

⁷ Sodorkeun panangan Gusti ti luhur,
abdi rawel, tarik ti jero cai, luputkeun tina
genggeman bangsa asing,

⁸ anu ngomongna tara sabenerna, malah
dibawah sumpah ge bohong.

⁹ Nun Allah, abdi bade ngalaguken lagu
anyar, bade dikawihkeun dipirig kacapi,
kanggo Gusti.

¹⁰ Gusti maparin kaunggulan ka raja-raja
sareng nyalametkeun Daud, abdi Gusti.

¹¹ Uculkeun abdi ti musuh anu barengis
luputkeun tina genggeman bangsa asing anu
ngomongna tara sabenerna, malah dibawah
sumpah ge bohong.

¹² Mugia anak-anak lalaki urang dina mangsa
ngorana sing saibarat pepelakan, morontod
sarta karuat, anak-anak awewe sing saibarat
tihang-tihang agung, panghias juru-juru
karaton.

¹³ Mugia leuit-leuit urang parinuh, ku
rupa-rupa hasil bumi, domba-domba urang di
tegal-tegal aranakanana sing puluhan rebu.

¹⁴ Mugia sapi urang baranahan pirang-pirang
jeung ulah aya nu kaluron atawa leungit.
Mugia di jalan-jalan di nagri urang taya ceurik
taya susah.

¹⁵ Bagja temen bangsa anu kaayaanana
sarupa kitu! Estu bagja bangsa anu Allahna
PANGERAN.

145¹ Pamuji ti Daud. Nun Allah, nun
Raja, abdi bade ngembarkeun

kaagungan Gusti, sareng bade muji sukur
sapapaosna.

²Unggal-unggal dinten bade muji sukur,
bade ngamulyakeun Gusti sapapaosna.

³Agung PANGERAN teh, pohara pinujina,
kaagungana-Na henteu katepi ku pangarti.

⁴Sugri padamelan Gusti bakal diagung-
agung ku unggal turunan, dadamelan Gusti
anu rarongkah bakal dimashurkeun ku
maranehna.

⁵Maranehna bakal nyaritakeun kamulyaan
sareng kadaulatan Gusti, sarta abdi bade
ngalenyepan dadamelan Gusti anu araheng.

⁶Jalmi-jalmi bakal nyaritakeun sugri
dadamelan Gusti anu rarongkah, abdi oge
sumeja ngembarkeun kaagungan Gusti.

⁷Jalmi-jalmi bakal nyaritakeun kasaean
Gusti, sareng nganyanyikeun kaadilan Gusti.

⁸PANGERAN teh sipat welas sipat hampura,
tara gancang bendu, sarta jembar asih.

⁹Mantenna sae ka unggal jalma, sarta
mikawelas ka saniskara dadamelana-Na.

¹⁰Sadaya mahluk Gusti bakal ngamulyakeun,
nun PANGERAN, sarta umat Gusti bakal
maruji sukur ka Gusti,

¹¹maranehna bakal nyaritakeun kamulyaan
karajaan Gusti, sareng nyaritakeun
karongkahan Gusti,

¹²dugi tiap jalmi terang kana dadamelan
Gusti nu rarongkah, sareng kana kamulyaan
kadaulatan karajaan Gusti.

¹³Pamarentahan Gusti langgeng Gusti
jadi raja sapapaosna. PANGERAN satia
kana saniskara jangji-Na, tur mikawelas ka
saniskara dadamelana-Na.

¹⁴PANGERAN nulungan sakur anu
kasusahan, sarta ngahudangkeun anu
lalabuh.

¹⁵Sakumna mahluk hirup ngarep-ngarep ka
Gusti, sarta dina waktosna ku Gusti dipaparin
tedaeun;

¹⁶Gusti maparin sacekapna, sareng
nyumponan kabutuh sakumna mahluk.

¹⁷PANGERAN adil dina sagala tindakana-
Na dina sagala damelna dibarengan ku
kawelasan.

¹⁸Mantenna deukeut ka sakur anu sasambat
ka anu sasambatna ka Mantenna enya-enya.

¹⁹Mantenna nyumponan kabutuh jalma
anu ngahormat, kersa ngadangu sarta
nyalametkeun sakur nu jumerit ka Mantenna.

²⁰Mantenna ngaraksa ka sakur nu micinta
salira-Na, sabalikna nu jahat mah ku
Mantenna dibasmi.

²¹Kaula moal kendat muji ngagungkeun
PANGERAN, sing sakur nu kumelip masing
ngamulyakeun kana jenengana-Na nu suci,
sapapanjangna.

1 46¹Puji PANGERAN! Puji PANGERAN,
he nyawa.

²Kaula seja muji ka Mantenna saumur hirup, mo petot-petot pupujian ka Allah kaula sapanjang gumelar.

³Ulah ngaharep ka para pamingpin nu sipat manusa, da moal bisaeun nyalametkeun.

⁴Jalma mah ari geus paraeh jaradi deui lebu, sagala pamaksudanana ge harita musna.

⁵Jamuga jalma anu boga Allahna Yakub anu baris nulungan anu muntangna ka PANGERAN, nu jadi Allahna,

⁶nu ngadamel langit jeung bumi, laut katut saeusina, sabab Mantenna tetep satia kana jangji-Na.

⁷Mantenna ngabela hak jalma-jalma anu dikaniaya, maparin dahareun ka jalma nu lapar. PANGERAN ngabebaskeun para sakitan,

⁸ngabeuncateun anu lalolong, ngahudangkeun anu lalabuh, miasih ka jalma nu jujur.

⁹PANGERAN rumaksa ka nu ngumbara, di nagri urang, nulungan ka randa-randa jeung para pahatu, sabalikna rarancang jalma jahat mah ku Mantenna disina gagal.

¹⁰PANGERAN jumeneng Raja salalanggengna, eh Sion! Allah anjeun baris marentah salalanggengna. Puji PANGERAN!

147 ¹Puji PANGERAN! Sabab muji ka Allah teh hade, muji ka Mantenna teh estu bener tur matak resep.

²PANGERAN ngadegkeun deui Yerusalem,
mulangkeun urang ti pangbuangan.

³Hate nu ancur ku Mantenna disina cageur,
raheut-raheutna dibeberan.

⁴Bentang-bentang ku Mantenna dipasti
jumlahna, sarta masing-masing dipaparinan
ngaran.

⁵Gusti urang teh hebat jeung agung
kabijaksanaana-Na teu aya wates-wangenna.

⁶Kaom lemah ku Mantenna dicengkatkeun,
sabalikna nu jahat mah ku Mantenna diidek
dina taneuh.

⁷Sanggakeun kidung pamuji ka PANGERAN,
tabeuh kacapi pikeun Allah urang.

⁸Mantenna nyebankeun mega di awang-
awang, ngayakeun hujan keur nyiraman
bumi, melakan pasir-pasir ku jujukutan,

⁹Mantenna maparin parab ka sasatoan,
maraban anak gagak anu disarada marenta.

¹⁰Karesep PANGERAN lain kuda nu baredas,
lain prajurit nu gagah wani;

¹¹karesep-Na teh nya eta anu hormat ka
Mantenna, anu ngaharep kana satia asih-Na.

¹²Puji PANGERAN, he Yerusalem! Puji Allah
maneh, he Sion!

¹³Sabab Mantenna geus nohagakeun panto
gapura maneh, ngaberkanan rahayat maneh.

¹⁴Mantenna ngajadikeun daerah maneh
aman jeung kerta, sarta nyukup ka maneh ku
gandum anu pangalusna.

¹⁵ Mantenna maparin parentah ka bumi,
sarta naon bae sapangandikana gancang
ngajadi.

¹⁶ Mantenna ngamparkeun salju lir simbut,
nyebarkeun halimun anu kawas lebu.

¹⁷ Mantenna nurunkeun hujan es lir batu
karikil, taya nu kuat nangankeun tirisna!

¹⁸ Sarta ku parentah-Na keneh eta es teh
leyur, Mantenna niup angin, cor cai ngalocor.

¹⁹ Mantenna maparin amanat ka umat-Na,
maparinkeun parentah jeung hukum-Na ka
Israil.

²⁰ Bangsa-bangsa sejen taya anu dipaparinan
saperti kitu, maranehna mah teu nyarahoeun
kana hukum-hukum Mantenna. Puji
PANGERAN!

148¹ Puji PANGERAN! Puji PANGERAN ti
sawarga, ku aranjeun, nu araya di
tempat luhur.

² Puji Mantenna, he para malaikat-Na, puji,
he wadyabalad sawarga.

³ Puji Mantenna, he bulan jeung panopoe,
puji, he bentang-bentang anu baranang!

⁴ Puji Mantenna, he langit satungkebing
langit, puji, he sagala cai di luhur langit.

⁵ Puji jenengan PANGERAN ku sakabeh,
sabab sakabehna ge dijadikeunana ku
pangandika-Na.

⁶ Nya ku pangandika-Na sakabehna langgeng
merenah satempatna-satempatna, taya nu
bisa ngalawan.

⁷ Puji PANGERAN, he pangeusi bumi, he mahluk-mahluk raksasa pangeusi laut-laut jeung sagara-sagara;

⁸ he kilat jeung hujan es, salju jeung mega, jeung angin topan anu nurut kana parentah-Na.

⁹ Puji Mantenna, he gunung-gunung jeung pasir-pasir, he tangkal bubuhan jeung leuweung-leuweung,

¹⁰ sato-sato leuweung jeung sato-sato ingu, sato-sato nu ngarayap jeung manuk-manuk.

¹¹ Puji Mantenna, he para raja katut bangsa-bangsa, para pangeran jeung para pangereh lianna,

¹² para perjaka jeung para mojang, nu karolot kitu deui barudak.

¹³ Kabeh kudu muji jenengan PANGERAN! Sabab jenengan Mantenna leuwih agung ti sakabeh, kaagungana-Na luhureun bumi jeung langit.

¹⁴ Mantenna geus nguatkeun bangsa salira-Na, nepi ka Mantenna dipuji ku sakabeh umat-Na, nya eta bangsa Israil, anu kacida diasih ku Mantenna. Puji PANGERAN!

149 ¹ Puji PANGERAN! Nyanyikeun lagu anyar pikeun PANGERAN, puji Mantenna dina pagempungan umat-Na anu satia!

² Mangka suka, Israil, ku karana Khalik maneh; mangka gumbira, urang Sion, ku karana raja maraneh!

³Puji jenengana-Na ku igel, puji Mantenna
ku terebang jeung kacapi.

⁴PANGERAN ngaraos suka ka umat-Na; nu
rendah hate ku Mantenna dihormat, dipaparin
kaunggulan.

⁵Umat Allah mangka gumbira lantaran geus
jaya, mangka gerah sarta nyaranyi sapeuting
jeput.

⁶Sina surak masing tarik maruji ka Allah,
bari nyarekel pedang seukeut,

⁷geusan ngelehkeun bangsa-bangsa,
geusan ngahukum jalma-jalma;

⁸geusan ngabarogod raja-rajana ku rante,
geusan ngabarogod para pamingpinna ku
rante beusi,

⁹geusan ngahukum bangsa-bangsa
sakumaha parentah Allah. Ieu teh
kaunggulan umat Allah. Puji PANGERAN!

150¹Puji PANGERAN! Puji Allah di jero
Bait-Na! Puji pangawasa-Na di
sawarga!

²Puji padamelana-Na anu rarongkah, puji
kaagunganana-Na anu unggul.

³Puji Mantenna ku sora tarompet, puji ku
sora kacapi jeung gambus.

⁴Puji Mantenna ku sora kendang jeung ku
igel, puji ku sora kacapi jeung suling.

⁵Puji Mantenna ku sora kolonangna genta
puji ku sora kelenengna lonceng.

⁶He sakur mahluk hirup, puji PANGERAN!
Puji PANGERAN!

Amsal

1 ¹Ieu siloka-siloka Suleman, putra Daud,
raja Israil.

²Ieu siloka-siloka teh geusan nungtun urang
supaya nyaho kana hikmah jeung atikan,
supaya bisa neuleuman pitutur-pitutur anu
marunel.

³Oge ngadidik sangkan hirup urang sugih
pangarti, jujur, bener jeung adil.

⁴Kitu deui mere luang ka nu taya
pangalaman, mere papatah ka nu ngarora
sangkan jembar kanyaho.

⁵Malah nambahana kaweruh nu geus
laluhung, ngawuwuh pangarti ka nu geus
laloba elmu,

⁶sangkan ngarti kana hartining siloka
anu nyamuni, bisa neuleuman pituturna
jalma-jalma bijaksana.

⁷Pikeun meunangkeun kanyaho, jalma
teh kudu boga rasa hormat jeung sieun ku
PANGERAN. Jalma bodo mah teu ngahargaan
kana hikmah sarta embungeun diajar.

⁸Anaking! Turutkeun papatah nu jadi bapa,
gugu pitutur nu jadi indung.

⁹Papatahna matak alus kana ahlak, lir
kongkorong atawa sorban nambahana pantes
kana dangdanan.

¹⁰Anaking! Mun aya nu jahat ngagoda, kahade ulah kabawa.

¹¹Bisi upama carekna, "Euy, urang datangan Si Anu, urang paehan. Geura resep mergasana, sanajan taya pasalna.

¹²Ayeuna mah ingkeun sina ngeunah-ngeunah heula. Tapi ati-ati mun urang geus datang, jangji paeh ku urang!

¹³Barang-barangna urang rampas, urang akutan ka imah.

¹⁴Hayu, engke dibere bagian."

¹⁵Kade anaking, tong daek. Anggur jauhan.

¹⁶Maranehna teu betah cicing lamun can nyieun kajahatan, salawasna ngan hayang geura maehan.

¹⁷Mun manuk geus nyahoeun ti heula, cumah ditaheunan oge.

¹⁸Tah jelema anu kitu, ibarat naheunkeun burang eukeur dirina sorangan, keur mergasa nyawana sorangan.

¹⁹Memang kitu jalma nu hirupna tina rarampog, tega kana patina sorangan.

²⁰Tah dengekeun, hikmah cumeluk ti jalan-jalan, ti pasar-pasar,

²¹ti lawang-lawang gapura, ti tempat-tempat jelema karumpul.

²²Cecelukna, "Eh, nu barodo! Arek kajongjonan bae bodo balilu? Iraha rek resep moro kanyaho? Na teu harayang dialajar?

²³Dengekeun ari kami negor, kami rek mere pepeling, sarta ngabagi kanyaho kami ka maraneh.

²⁴Aranjeun ku kami geus dicalukan, diondang, tapi arembung ngadenge, kami henteu dipalire.

²⁵Maraneh teu daraek malire pepeling kami, jeung arembung diingetan.

²⁶Rasakeun engke, ana katarajang kasusah, kami mah rek nyeungseurikeun. Ku kami rek dipupuas mun aranjeun ditempuh bancang pakewuh,

²⁷anu datangna kawas angin ngagelebug, mawa topan kasusahan, maraneh nu ngarasa nyeri jeung susahna.

²⁸Ti dinya kakara aranjeun sasambat ka hikmah, tapi ku kami mo dipiduli. Kami ku aranjeun diteangan dikotek tak, tatapi hamo kapanggih.

²⁹Bongan aranjeun enggeus mikageuleuh kanyaho, sarta salawasna embung bae sieun ku PANGERAN teh.

³⁰Maraneh tara daraek narima nasehat-nasehat kami atawa malire kana panegor-panegor kami.

³¹Kalakuan aranjeun kitu baris malindes ka diri, temahna jadi nyiksa ka sorangan.

³²Jalma tuna pangalaman, paeh ku lantaran mangsabodokeun hikmah. Jalma bodo, paehna ku lantaran teu pisan malire ka hikmah.

³³ Sabalikna sing saha anu ngagugu ka kami, hirupna tangtu rahayu, salamet tur euweuh pikalewangeun."

2 ¹ Regepkeun anaking, ieu Bapa rek papatah. Poma ulah mophohokeun nu ku Bapa diucapkeun.

² Sakur nu jadi piwuruk, lenyepkeun sarta hartikeun.

³ Enya, kudu nunuhun menta kanyaho, kudu neda-neda menta pangarti.

⁴ Pek kotek tak mangka gemet, lir neangan perak atawa pependeman.

⁵ Lamun eta dipilampah, engke hidep nyaho naon hartina sieun ku Allah, sarta bakal meunang kanyaho tina hal Allah.

⁶ Karana kapinteran teh estu kurnia ti Allah. Kanyaho reujeung pangarti, asalna nya ti Mantenna.

⁷ Mantenna nyayagikeun pitulung panangtayungan, ka jalma anu bener satemenna,

⁸ ngaraksa jalma nu hade ka pada kaula, ngaping jalma anu tumut ka Mantenna.

⁹ Lamun papatah Bapa digugu, hidep bakal nyaho naon ari adil, temen jeung jujur, nyaho ka anu kudu dipilampah.

¹⁰ Tangtu jadi bijaksana, tur bakal ngarasa bagja dumeh sugih ku kanyaho.

¹¹ Pangarti hidep bakal ngajaring, paham bakal ngajaga,

¹²nyegah tina lampah salah, ngajauhkeun ti jelema-jelema nu sasar omonganana,

¹³ti anu naringgalkeun jalan anu lempeng, nyorang jalan nu poek,

¹⁴ti jalma-jalma anu betah dina salah, nu resep milampah jahat,

¹⁵anu hirupna teu make pangered, anu teu beunang diandel.

¹⁶Hidep baris kuat moal kabengbat ku awewe nu barejad ahlak, ahli ngolo-ngolo jeung ngagelo,

¹⁷nu sok serong ti salakina, anu poho kana sumpah suci akad nikah.

¹⁸Sakali hidep nyampeurkeun awewe kitu, sasat nyampeurkeun ajal. Indit ka awewe kitu sarua jeung indit ka enggon nu paeh.

¹⁹Lalaki nu datang nemonan awewe kitu, tara bisa mulang deui, tara nyorang deui jalan anu brasna kana hirup.

²⁰Nu matak hidep kudu niru lakuning jalma satuhu, anu hirupna saestu.

²¹Sakur anu hirupna satemenna, jalma anu taya kuciwana, baris ngancik di dieu, di tanah nagara urang.

²²Demi nu daroraka mah ku Allah baris didudut, nu jarahat baris dicabut ti dinya, lir tangkal anu dirabut jeung akar-akarna.

3¹Anaking, ulah poho ka papatah Bapa.

3 Nu ku Bapa diucapkeun, omat ku hidep ingetkeun.

²Sabab eta teh matak hade untung sarta panjang umur.

³Ulah tinggal ti satia jeung satuhu, kongkorongkeun eta teh dina beuheung, tulis dina sanubari.

⁴Lamun kitu tangtu ku Allah dimanah, ku jalma dipikaresep.

⁵Kudu temen ngandel ka PANGERAN. Ulah sok ngandelkeun kanyaho sorangan.

⁶Dina sagala laku lampah masing inget ka PANGERAN, tangtu Mantenna nuduhkeun jalan nu lempeng.

⁷Poma ulah boga angkeuh pinter sorangan, anggur masing sieun ku PANGERAN, nyingkah tina lampah salah.

⁸Lamun kitu, eta teh ibarat ubar, kana raheut matak cageur, tur kanyeri oge nyingkir.

⁹Masing hormat ka PANGERAN ku ngabaktikeun sagala rupa hasil bumi lahan hidep anu panghadena.

¹⁰Engke leuit hidep buncir, cianggur ceuyah, ngaleuya mo kawadahan.

¹¹Anaking, ulah nampik lamun ku PANGERAN dipeperih. Tarimakeun ulah sungkan, eta teh pepeling.

¹²Mana dipeperih ge tandaning hidep dipiasih, lir bapa meperih anak anu dipikanyaah.

¹³Bagja jalma anu meunang hikmah, anu meunang pangarti.

¹⁴ Sabab eta leuwih untung batan boga perak, pangajina leuwih ti batan emas.

¹⁵ Hikmah leuwih hargana ti batan permata, sagala rupa anu dipikahayang ku hidep moal bisa nyaruaan eta.

¹⁶ Hikmah nungtun kana panjang umur, parek rejeki tur mulya harkat.

¹⁷ Hikmah matak nyenangkeun, hirup ngahenang-ngahening.

¹⁸ Nya bagja anu boga hikmah, hirup teh jadi milikna.

¹⁹ PANGERAN ngadegkeun bumi ku hikmah-Na. Ngadegkeun langit ku pangartos-Na.

²⁰ Ku hikmah Mantenna, cur-cor walungan ngalocor, Mantenna ngayakeun mendung sangkan bumi meunang hujan.

²¹ Anaking, cekel sing pageuh hikmah, jeung akal budi, ulah dilesotkeun.

²² Eta nu baris ngalantarankeun hidep bagja jeung jamuga.

²³ Bakal tengtrem urang nya leumpang, moal kungsi titajong-tajong acan.

²⁴ Sare-sare jongjon da euweuh kakeueung, tibra nepi ka isuk.

²⁵ Moal sieun kagerebeg ku bahla nu datangna jeg angin topan, moal cara nu sok kaalaman ku nu jarahat.

²⁶ Sabab hidep dijaring ku PANGERAN, diraksa sangkan ulah keuna jiret.

²⁷ Iraha bae ge kudu nulung ka nu butuh, sabisa-bisa.

²⁸ Lamun tatangga menta tulung ulah ditembalan, "Isukan bae." Bisa harita mah harita keneh tulungan.

²⁹ Ulah sok ngarancang kajahatan ka sasama, kapan manehna teh hirup bareng-bareng jeung urang sarta percaya ka urang.

³⁰ Ulah cekcok taya sabab jeung jelema anu henteu nyieun kua-kieu ka hidep.

³¹ Ulah sirik ka nu telenges, jeung ulah hayang nurutan.

³² Sabab nu adatna jahat teh kagiruk PANGERAN. Sabalikna jalma anu satuhu mah jadi kapercayaan Mantenna.

³³ Jalma jahat, rumah tanggana ku PANGERAN diterapan panyapa. Rumah tangga jalma satuhu mah diberkahan.

³⁴ Mantenna henteu butuh ku nu adigung. Ari nu rendah ati mah ku Mantenna baris dipiasih.

³⁵ Jalma bijaksana ngaranna bakal seungit. Jalma bodo bakal tambah-tambah hina.

4¹ Barudak, dengekeun papatah bapa maraneh. Regepkeun supaya boga pangarti.

²Ieu piwuruk hade paedahna, kudu diingetkeun pisan.

³Bapa teh anak tunggal. Bapa keur budak keneh,

⁴ku Ama sok diwurukan. Saurna, "Ingetkeun papatah Ama, ulah poho. Lampahkeun sangkan jamuga.

⁵Sing meunang hikmah. Sing meunang pangarti. Kade ieu papatah teh ulah dipopohokeun atawa dilalaworakeun.

⁶Ulah ngalalaworakeun hikmah, supaya urang ditangtayungan. Anggur pikadeudeuh, sabab eta teh baris nungtun kana rahayu.

⁷Meunangkeun hikmah teh usaha pangpentingna. Beunangkeun pangarti ku saniskara nu geus kapimilik.

⁸Sing nyaah kana hikmah, engke maraneh dijadikeun jalma mulya. Maraneh bakal jadi jalma nu kaajen, lamun mikadeudeuh hikmah,

⁹nu jadi makuta dina hirup maraneh."

¹⁰Sing ngagugu ka Bapa, anak! Papatah Bapa bandungan sing saregep, sangkan panjang-punjung panjang umur.

¹¹Tah, Bapa enggeus ngajarkeun hikmah jeung jalan nu bener geusan hirup.

¹²Lamun hidep ati-ati, iatna nya lampah, berekah moal manggih halangan, mun lumpat hamo titajong.

¹³Ulah poho ka nu ku Bapa geus dipapatahkeun. Sabab atikan teh nya eta sakumna hirup hidep. Jadi kudu dijaga.

¹⁴Ulah saihwan jeung jelema jarahat. Ulah nurutan adat nu daroraka.

¹⁵ Ulah! Si Jahat teh jauhan. Hidep mah jongjon-jongjon bae ulah kagoda! Teruskeun enggonging nyorang jalan sorangan.

¹⁶ Jalma jahat mah mun teu ngajahat teh sok teu bisaeun hees, gedebag-gedebug panasaran can mergasa batur.

¹⁷ Kawantu keur nu jarahat mah ngajalankeun kajahatan jeung katelengesan teh geus cara kana nyatu jeung nginum.

¹⁸ Lalampahan jelema anu satuhu, saibarat srangenge medal, beuki beurang beuki caang.

¹⁹ Ari nu jahat mah sarua jeung leumpang dina poekna peuting, blug labuh, duka titajong kana naon, da matana teu nenjo.

²⁰ Anaking, regepkeun. Dengekeun omongan Bapa.

²¹ Kade ulah aya anu lolos. Ingetkeun, cangreud dina ati.

²² Sing saha anu ngarti, bakal diganjar hirup hurip.

²³ Masing asak nya mikir, sabab anu nangtukeun watek hirup teh nya pikiran tea.

²⁴ Poma ulah ngomong anu lain sabernera. Kudu pantrang bohong, cadu ngabobodo.

²⁵ Sing teteg neuteup ka hareup, hate sing buleud sing yakin, ulah ngeluk semu era.

²⁶ Pikir heula sing asak anu arek dipigawe, tangtu sagala anu diusahakeun teh bakal hade jadina.

²⁷ Jauhan anu jahat, lampah sing lempeng. Poma ulah nyimpang ti jalan anu bener.

5 ¹Anaking, tengetkeun jeung regepkeun ieu hikmah jeung pangarti ti Bapa,
²Tangtu hidep engke nyaho kumaha kuduna mawa diri sarta kumaha kuduna nyarita, nyirikeun yen boga kanyaho.

³ Biwir pamajikan batur kareueutna lir madu, nyiumna lemes lir lemesna minyak jetun.

⁴ Tapi dina sanggeusna, ngan kari paitna, kari peurihna.

⁵ Awewe kitu bakal nyered maneh ka tempat nu maot, da leumpangna ge moro ajal.

⁶ Dirina henteu tetep dina jalan anu nuju kana hirup, tapi sasab ngalantur, tapi teu ngarasaean yen ngalantur.

⁷ Ku sabab eta dengekeun, barudak! Bapa arek ngomong deui. Kade ulah aya anu poho.

⁸ Awewe kitu singkiran! Malah ka imahna ge ulah deukeut.

⁹ Lamun maraneh ngalayanan, tangtu leungit kahormatan, tur bakal paeh ngora-ngora ku jalma nu taya karunya.

¹⁰ Kakayaan maraneh bakal dicokot ku batur, beubeunangan usaha bakal kapiboga ku nu sejen.

¹¹ Tungtungna ari awak geus beak ku panyakit, maraneh ngan bisa udah-aduh,

¹² bari ngomong, "Ku naon atuh aing teh ijid kana nasehat? Ku naon make embung dipepelinan?

¹³ Aing embung ngagugu ka guru-guru, embung nurut ka aranjeunna.

¹⁴ Nyaho-nyaho aing teh geus hina dina panenjo jalma rea."

¹⁵ Anu matak sing satia ka pamajikan. Kanyaah teh tamplokkeun ka dinya wungkul.

¹⁶ Anak ti awewe sejen mah moal aya pigunaeunana ka hidep.

¹⁷ Anak sah nu kudu dimumule teh, sina gede, ngarah engkena bisa ngabantu-bantu, lain nu sejen.

¹⁸ Anu matak sing ngarasa bagja ku pamajikan. Teangan kasukaan jeung mojang anu ku hidep dikawin,

¹⁹ mojang manis jeung tangginas lir mencek; sing katarik ku geulisna, jeung sing bagja ku cintana.

²⁰ Keur naon anaking micinta awewe sejen? Keur naon leuwih kapincut ku kageulisan pamajikan batur?

²¹ PANGERAN maha uninga kana sagala kalakuan hidep. Ka mana ka mana ge hidep hamo leupas tina panalingaana-Na.

²² Dosana jelema jahat teh lir tataheunan nu bakal ngajiret dirina sorangan,

²³ tungtungna paeh lantaran teu bisa ngawasa diri. Ku tina bodo-bodona ahirna tigebrus ka liang kubur.

6 ¹ Anaking, kungsi hidep kalepasan jangji ka batur, jangji rek mangmayarkeun hutangna?

² Kungsi hidep kacangcang ku ucap sorangan, kabeulit ku jangji pribadi?

³Lamun kungsi, atuh hidep kaereh ku itu.
Tapi Bapa seja mituanan. Buru-buru tepungan
ka ditu, wayahna balaka teu sanggup.

⁴Tong diengkekeun, komo diselang
sare atawa reureuh heula mah sanajan
sakeudeung ge.

⁵Geuwat ngejat tina eta kaayaan, lir manuk
atawa uncal ngejat kabur ti nu moro.

⁶Jalma kedul kudu nengetan petana sireum.

⁷Euweuh nu ngapalaan, euweuh nu ngatur,
euweuh nu marentah,

⁸tapi sakitu rarajinna; dina usum halodo
rajin ngarumpulkeun hakaneun, keur bekelna
dina usum hujan.

⁹Ari si kedul rek tepi ka iraha ngarengkolna
teh? Iraha arek cengkatna?

¹⁰Majarkeun, "Ah rek ngalenyap heula
sakerejep, bari sidakep reureuh sakeudeung!"

¹¹Tapi sabot sare, gapruk ditarajang ku
kamiskinan, narajangna lir rampog bari
ngabar-ngabar bedog.

¹²Jelema nu jahat jeung kurang ajar, ka
mana-mana ngan bohong.

¹³Matana tingdarilak ngisarahan rek
macikeuh.

¹⁴Da salilana anu direkana teh ngan
pidorakaeun, di mana-mana ngan nyebab
picilakaeun.

¹⁵Ku sabab kitu hamo barisa sumingkir tina
musibat, nepi ka tumpes.

¹⁶(6: 16-19) Aya tujuh perkara anu jadi kacua PANGERAN anu teu meunang diantep, nya eta: Sikep nu sombong, sungut nu bohong, leungeun nu maehan jalma teu salah, pipikiran nu ngareka kamurkaan, suku anu gura-giru kana kajahatan, saksi anu bohong deui, bohong deui, jeung jelema anu ngadu-ngadukeun babaturan.

¹⁷(6: 16)

¹⁸(6: 16)

¹⁹(6: 16)

²⁰Anaking, lampahkeun papatah Bapa, tuturkeun pitutur indung.

²¹Gumatikeun salawasna, cangcang dina sanubari.

²²Piwurukna baris nungtun ari keur lumaku, purah ngaping ari ti peuting, mere luang ari ti beurang.

²³Pituahna ibarat cahya ngagebray. Panggeuingna lir guru pituduh hirup,

²⁴anu baris nyandet hidep sangkan teu ka awewe bangor, sangkan teu kagembang ku pangwujuk pamajikan batur.

²⁵Tong kagoda ku kelet matana, tong kataji ku geulisna.

²⁶Awewe palacuran bisa disewa ku harga dahareun sapiring, tapi jinah jeung awewe batur mah kudu dibayar ku nyawa.

²⁷Bisa hidep mawa seuneu dina harigu, bari baju teu kaduruk?

²⁸ Lamun hidep leumpang nincak ruhak,
piraku dampal suku teu melepuh.

²⁹ Tah bahlana jinah ka pamajikan batur
teh ibarat kitu. Anu mirucaan kitu moal teu
cilaka.

³⁰ Maling dahareun onaman pedah ku
bawaning lapar, moal dihina-hina teuing;

³¹ najan kitu ari kacerek mah kudu mere
ganti, malah nepi ka kudu tujuh kalieun,
kapaksa nguculkeun pangaboga.

³² Ari jinah mah istuning lampah teu jeung
pikiran. Sasat nyilakakeun maneh,

³³ bakal dihina jeung diteunggeulan, ngaran
jadi goreng sapapanjangna.

³⁴ Moal aya anu nandingan ngentabna
hate salaki anu dipangnyelewengkeun.
Ngunek-ngunekna taya basakeuneunana.

³⁵ Ditebus ku naon bae oge asa najis
narimana. Amarahna moal punah ku
pangruruba.

7 ¹Anaking, ingetkeun papatah Bapa.

Piwuruk nu enggeus-enggeus ulah poho.

²Jalankeun sangkan jamuga. Lampahkeun
sakumaha ceuk Bapa. Jaga eta teh sing ati-ati
sakumaha kana siki panon.

³Mumule sapapanjangna, tulis dina ati.

⁴Anggap hikmah teh dulur awewe, pangarti
jieun sobat dalit,

⁵anu baris ngajaring hidep sangkan teu
kagoda ku pamajikan batur, ku awewe
pangoloan.

⁶Hiji mangsa Bapa di imah ngalong tina jandela.

⁷Katenjo aya barudak ngora, can baroga luang. Aya saurang anu sologoto pisan,

⁸Ieumpang ngaliwat pengkolan palebah imah hiji awewe. Ari ka dinyana

⁹wanci sareupna.

¹⁰Awewe teh nyampeurkeun, meunang dangdan kumaha biasa awewe bangor, arek ngeret.

¹¹Nyampeurkeunana teu asa-asa, euweuh kaera, kawantu kembang jalan,

¹²geus tuman megat di pengkolan-pengkolan, di sisi jalan, di pasar.

¹³Budak ngora tea jol-jol ditangkeup jeung digalemoh, bari diteuteup beungeutna. Pok diolo, pokna,

¹⁴"Euceu teh wajib mere kurban kasalametan, ari poe ieu eta nadar teh geus kabayar.

¹⁵Sukur encep aya di dieu, memang keur diteangan.

¹⁶Ranjang geus beunang euceu ngamparan ku sepre kembang-kembang ti Mesir,

¹⁷malah meunang nyeungitan ku emur, candana jeung kayu manis.

¹⁸Yap geura urang ka rorompok, urang sosonoan masing wareg sawewengi, urang silih keukeupan.

¹⁹Keun bae akangna mah da keur teu aya, keur nyaba jauh.

²⁰ Saurna mah bade dua minggu, da nyandak artos seueur pisan."

²¹ Kitu ngolona ka budak ngora teh, paromanna marahmay, atuh budak ngora teh teu bisa nampik.

²² Ngiclik budak ngora teh nuturkeun, lir sapi nu ditungtun rek dipeuncit, lir uncal nyampeurkeun burang.

²³ Henteu engeuh yen awakna baris kapanggang ruruhit. Teu beda ti manuk anu sologoto asup kana jaring, henteu engeuh yen rek manggih banya pati.

²⁴ Ku sabab eta, barudak, darengekeun, perhatikeun ieu papatah Bapa.

²⁵ Kade ulah nepi ka ngiclik eleh ku awewe kitu.

²⁶ Geus loba lalaki anu ancur ku nu kitu nepi ka naremahan pati. Geus meh teu kaitung.

²⁷ Datang ka imah awewe kitu teh sarua jeung asup ka tempat nu maraot, ibarat jalan torobosan nu brasna kana paeh.

8 ¹Dengekeun, hikmah teh cumeluk, budi akal menta dipirosea.

²Nangtungna di tempat nu laluhur, di sisi jalan jeung di parapatan.

³Lebah kaca-kaca nagara, gigireun lawang ka kota, cumelukna:

⁴"He umat manusa! Kami sumeja pepeling. Kami cumeluk ka unggal jalma pangeusi dunya.

⁵Sangkan nu acan sawawa jadi sawawa, anu burung ngajadi jelema luhung.

⁶Regepkeun! Pitutur kami kabeh pinunjul, saestuna, satemenna.

⁷Anu dipedar ku kami perkara anu sayakti, sabab bohong teh kacua kami.

⁸Pitutur kami kabeh saestu, taya nu palsu, jeung lain geusan nипу.

⁹Pikeun anu nyaring pikir tangtu eces.

Pikeun anu asak warah, tangtu bruh-breh.

¹⁰Ti batan milih perak, mending milih pitutur kami. Ti batan milih emas, mending milih kanyaho.

¹¹Kami teh hikmah, punjur ti batan permata. Kabeh panyileukan maneh, moal ngungkulan ka kami.

¹²Kami teh hikmah, boga akal budi, kanyaho jeung panalar anu sehat.

¹³Sieun ku PANGERAN, eta cua kana dosa. Adigung reujeung gumede kacua kami, kitu deui adat jahat reujeung omongan palsu.

¹⁴Kami nu ngarang tarekah, kami anu ngajalankeunana. Kami nu boga pangarti. Tur kami digjaya.

¹⁵Kami nyokong raja-raja, ngaping ngatur karajaan, ngabantu para pangagung nyusun hukum kaadilan.

¹⁶Pamarentah-pamarentah di dunya, ahli-ahli nagara jeung para gegeden, jarenengna teh ku lantaran kami.

¹⁷ Kami nyaah ka anu nyaah ka kami.
Sing saha nu neangan kami, tangtu bisa
papanggih.

¹⁸ Kami bisa mere kasugihan, harkat,
kaharjaan katut kayaktian.

¹⁹ Sagala perkara anu ti kami, punjul ti
emas nu pangendahna, punjul ti perak nu
pangmurnina.

²⁰ Kami nyorang jalan anu bener, nuturkeun
jalan kaadilan.

²¹ Jalma nu nyaah ka kami, ku kami diwaris
kakayaan, imahna dipinuhan dunya brana.

²² Di antara ciptan PANGERAN katut
dadamelana-Na, kami anu pangheulana
dicipta ti jaman purwa.

²³ Kami digelarkeun pangheulana, memeh
gumelarna alam dunya.

²⁴ Samemeh aya sagara, samemeh aya
cinyusu-cinyusu, kami geus lahir ti jaman beh
ditu.

²⁵ Medal saheulaeun gunung-gunung, lahir
memeh pasir-pasir tingjalegir.

²⁶ Nya samemeh PANGERAN ngadegkeun
bumi jeung daratanana, samemeh aya taneuh
sakeprul.

²⁷ Kami nyaksian Mantenna ngadegkeun
langit, nyaksian Mantenna mentangkeun
cakrawala luhureun sagara.

²⁸ Nyaksian Mantenna ngayakeun mega
di langit, nyaksian Mantenna mukakeun
sumber-sumber cai sagara.

²⁹ Nyaksian Mantenna marentah ka laut,
sangkan ulah pasang liwat ti misti. Nyaksian
Mantenna masangkeun pademen bumi.

³⁰ Kami nyarengan Mantenna lir ahli adegan.
Kami jadi sumber kasugemaan manah-Na
sapopoe. Kami bagja aya di payuneuna-Na.

³¹ Kami sugema nenjo alam dunya, sarta
kataji ku umat manusia.

³² Para nonoman, raregepkeun! Turutkeun
pitutur kami, tinangtu bagja.

³³ Lenyepkeun sakur anu ku kami
diwurukkeun. Hikmah teh ulah
dimomorekeun.

³⁴ Sing saha anu ngagugu ka kami, tinangtu
bagja hirupna, sapopoe ngajaga dina panto
kami, ngadago dina lawang ka imah kami.

³⁵ Jelema nu bisa manggihkeun kami,
ngamilik hirup, sarta kamanah ku PANGERAN.

³⁶ Anu teu bisa manggihkeun kami, eta
teh nyangsara maneh. Anu ngewa ka kami,
tandaning cinta kana paeh."

9 ¹Hikmah geus ngadegkeun imahna,
tihangna tujuh.

²Keur kaperluan pesta, sasatoan geus
dipangmeuncitkeun, kitu deui anggurna geus
dicampur sarta idangan geus sayagi.

³ Seug miwarang lanjang-lanjang, sina
cumeluk kieu ti tempat nu pangluhurna di
kota,

⁴"Nu barodo ka darieu!" Ari ka nu gejul,
saurna teh,

⁵"Hiap dahar di imah kami. Inum anggurna beunang kami nyampuran.

⁶Lamun hayang jamuga, geura tinggalkeun lingkungan jalma-jalma barodo teh, taluturkeun jalan pangarti."

⁷Jelema sombong dielingan teh kalah ka ngajebian, jelema jahat diingetan teh kalah ka ngambek.

⁸Nu sombong mah teu kudu dipepelinan, kalah ka matak dipikangewa. Teu cara ngageuing ka nu bijaksana, tangtu ditarimakeun.

⁹Keur nu bijaksana mah nasehat urang teh matak nambahana kabijaksanaanana. Naon bae anu diomongkeun ka jelema bener, tangtu matak nambahana kanyahona.

¹⁰Pikeun jadi bijaksana, kudu boga rasa hormat jeung sieun ku PANGERAN. Nyaho ka Nu Maha Suci, baris meunang ngarti.

¹¹Hikmah teh bakal mere umur panjang ka maneh.

¹²Mun maneh boga hikmah, nu untung nya maneh keneh. Sabalikna lamun maneh nolak hikmah, maneh keneh anu rugi.

¹³Kabodoan teh ibarat awewe anu cerewed, teu boga pikiran, teu boga kaera,

¹⁴ngalong di lawang, atawa diuk anjeucleu dina korsi, di tempat anu pangluhurna di kota,

¹⁵ngadon gera-gero, ka nu laliwat, anu keur malikiran urusanana sorangan.

¹⁶Ari pokna, "Heuy nu teu boga pikiran, ka dieu!" Ari ka nu gejul pokna teh,

¹⁷"Cai beunang maling karasana leuwih amis. Kadaharan beunang maling karasana leuwih ngeunah."

¹⁸Korban-korbanna teu nyarahoeun, yen anu nyimpang ka manehna tinemu jeung ajalna di dinya, anu geus arasup ka jero imahna ayeuna geus araya di dunyana nu paraeh.

10¹ Ieu pituah-pituah Suleman: Anak pinter bapa nu bungah. Anak gejul indung nu nalangsa.

²Harta banda beunang teu jujur, moal aya berekahna. Ari jujur mah matak rahayu.

³Jalma bener ku PANGERAN moal diantep kalaparan. Jalma jahat mah angen-angenna ku PANGERAN dipegat sina teu laju.

⁴Nu kedul baris muluntu. Anu getol mah pibeunghareun.

⁵Anu rajin ngumpulkeun pare dina usum dibuat eta jelema binangkit. Anu kebluk dina usum panen mah jelema pikacelaeun.

⁶Jelema bener baris narima berekah. Ucapan jalma jahat mah ngandung niat nu telenges.

⁷Jelema bageur mah mangrupa berekah, bakal dipikatineung, sabalikna nu jahat mah baris tereh kapopohokeun.

⁸Jalma binangkit, daek narima pituah. Nu gejul omonganana mah baris tijuralit.

⁹ Jalma jujur bakal lulus mulus. Nu teu jujur mah pasti kabitur.

¹⁰ Jalma anu sumput salindung ngadatangkeun kasusah. Jalma nu wani mere panggeuing mah ngusahakeun karapihan.

¹¹ Pitutur jelema hade teh jadi sumberna hirup. Ucapan jelema jahat mah ngandung niat nu telenges.

¹² Kaceuceub teh ngahudang picekcokeun, ari kanyaah mah hampuraan kana sagala kasalahan.

¹³ Jalma nu luhur pangarti, omonganana ngareusi. Jalma gejul mah geus sapantesna mun kahukum.

¹⁴ Jalma pinter sanggup ngudag sagala pangarti. Sabalikna anu gejul mah saucap-ucapna teh dareukeut ka pibahlaeun.

¹⁵ Kakayaan ngabenteng jalma baleunghar. Kamiskinan mah ngabinasa nu mariskin.

¹⁶ Kahadean teh ganjaranana hirup jamuga. Ari dosa mah kalah ka nungtu kana dosa deui.

¹⁷ Jalma nu daek nampa panggeuing tangtu salamet. Anu embung disalahkeun mah hirupna dina bahaya.

¹⁸ Jalma anu nyumputkeun kangewa, eta ngabohong. Jalma anu resep ngupat mah eta teh jelema gejul.

¹⁹ Beuki loba omong beuki loba masiat. Jalma lantip budi mah resep keneh balem.

²⁰Pitutur jelema bener saibarat perak tulen. Ari jalma jahat mah pipikiranana taya hargana.

²¹Pitutur jelema bener matak untung jalma rea. Sabalikna jalma gejul mah paeh ku kagejulanana.

²²Berkah PANGERAN nu ngabeungharkeun teh, ari saukur getol mah moal matak nambahana beunghar.

²³Jalma gejul resep kana lampah teu uni. Nu luhur pangarti mah mikaresep kana hikmah.

²⁴Jalma bener bakal laksana kahayangna. Ari nu jahat mah kalah ka meunang anu dipikasieun.

²⁵Ana datang topan, nu gejul kapangpengkeun, ari nu jujur mah salamet.

²⁶Nitah ka nu kedul mah matak bae jengkel, mun cuka mah matak linu kana huntu, mun haseup matak peurih kana panon.

²⁷Sieun ku PANGERAN matak panjang umur, da nu jahat mah paehna ge samemeh mangsa.

²⁸Harepan jelema bener matak ngabungahkeun. Ari jelema jahat mah harepanana mubadir.

²⁹Jalma jujur ku PANGERAN diraksa. Jalma salah mah dibinasa.

³⁰Jelema bener salawasna reugreug. Ari nu jahat mah moal bisa tetep nyicingan tanah.

³¹ Jelema bener nyaritana wijaksana. Ari jelema anu sok goreng sungut mah, letahna baris diured.

³² Jelema bener nyaho kana pitutur anu aya maunatna. Jelema jahat mah saucap-ucapna teh panipuan wungkul.

11 ¹PANGERAN mikangewa ka nu make timbangan curang. Mantenna misuka ka nu nimbangna bener.

²Jalma adigung bakal meunang pamoyok, mending oge handap asor.

³Jalma hade ditungtun ku kajujuran. Jalma curang bakal cilaka ku curangna.

⁴Dina waktu geus nyanghareup kana ajal, harta banda taya hartina kajujuran mah matak rahayu.

⁵Keur jalma hade mah jujur teh matak nguntungkeun hirup. Ari jalma jahat mah sok nyilakakeun maneh.

⁶Kaadilan nyalametkeun jalma jujur. Ari tukang cidra cilaka ku sarakahna.

⁷Jalma jahat ana paeh, harepanana ge paeh. Harta banda teu bisa dipake andelan.

⁸Kasusahan moal datang ka jalma saleh, datangna ka jalma jahat.

⁹Omongan jalma jahat matak binasa, sabalikna hikmah jelema saleh mah matak salamet.

¹⁰Anu jujur ana meunang bagja, sanagara milu suka. Sabalikna jalma jahat mah ana paeh pada nyurakan.

¹¹ Ku restuna jalma-jalma jujur, kota bisa alus. Sabalikna ku omongan jalma-jalma jahat mah kota teh ruksak.

¹² Ngahina batur kalakuan anu gejul. Nu lantip mah sungutna repeh.

¹³ Jelema laer biwir moal bisa dibawa rasiah. Sabalikna nu satia layak dipercaya.

¹⁴ Bangsa bakal runtuh lamun taya anu mingpin, sabalikna bisa kuat lamun loba juru nasehatna.

¹⁵ Ulah sasanggupanan mangnanggungkeun hutang batur, bisi kaduhung. Leuwih aman teu pipilueun.

¹⁶ Istri lungguh mah hormateun, sabalikna awewe teu boga budi mah nista. Jalma kedul mustahil rek boga duit. Nu rikat usahana mah pibeunghareun.

¹⁷ Lamun urang bageur tangtu loba anu mikaheman. Kejem mah sarua jeung nyiksa maneh.

¹⁸ Jelema jahat mah najan beubeunangan ge taya mangpaatna. Sabalikna mun pagawean urang bener, tangtu meunang ganjaran.

¹⁹ Boga niat rek milampah hade tangtu baris jamuga. Tapi mun keukeuh boga niat jahat, tinangtu bakal tiwas.

²⁰ Angen-angen jahat kaceuceub PANGERAN, ari lampah bener nyukakeun kana manah-Na.

²¹ Sing yakin, nu jahat tangtu dihukum, nu bener tangtu luput tina siksaan.

²² Istri geulis tanpa kaperyogaan, saibarat anting emas dina cungur bagong.

²³ Angen-angen jelema bener, salawasna alus jadina. Sabalikna jelema jahat, ana kahayangna laksana, matak ambek saban jalma.

²⁴ Aya jalma anu bisa samemena make duitna, tapi kalah ka beuki beunghar. Ari nu pohara cecelna kalah ka tambah kokoro.

²⁵ Nu balabah babari meunang rejeki. Nu resep tutulung babari meunang pitulung.

²⁶ Anu sok nahan pare ngadago undakna harga bakal pada nyumpahan. Ari dijual harita mah pada maruji.

²⁷ Maksud maneh lamun hade tangtu pada ngahargaan. Sabalikna neangan pisusaheun mah tangtu meunang kasusahan.

²⁸ Nu umangkeuh ku kabeungharan baris ragrag ngoleang, lir daun murudul usum muguran. Sabalikna jalma bageur baris subur, lir tangkal gomplok daunna.

²⁹ Nu nyusahkeun kulawarga matak moal boga naon-naon. Nu barodo salawasna kudu ngawula ka nu palinter.

³⁰ Jalma bener mah ngahirupan, jalma telenges mah ngarampas nyawa.

³¹ Lamun jalma bener di dunya keneh geus meunang ganjaran, jalma jahat jeung boga dosa oge geus pasti baris dihukum.

12¹ Jalma nu boga pangarti mah dibejaan salahna teh atoh. Ngan nu gejul nu embung dibebener mah.

² PANGERAN misuka jelema bener. Ari jelema julig ku Mantenna dihukum.

³ Jalma doraka hirupna moal aman. Jalma bener mah reugreug.

⁴ Pamajikan bageur matak reueus matak bungah salaki. Pamajikan nu ngerakeun mah ibarat panyakit dina tulang-tulangna.

⁵ Jalma jujur resep terus terang. Ari tukang cidra mah ngan arek nипу.

⁶ Ucap-ucapan jelema jahat mah nyilakakeun. Sabalikna ucap-ucapan jelema bener mah ngajait nu keur kaancam.

⁷ Jalma jahat baris tumpur jeung moal boga turunan. Ari rumah tangga jelema bener mah tangtu jamuga.

⁸ Anu boga kapinteran tangtu pada ngajenan. Nu bodo mah pada nyapirakeun.

⁹ Mending jadi jelema biasa, dapon wekel kana usaha, ti batan niru-niru menak, tapi hirup seuseut seuat.

¹⁰ Jelema hade mah rumawat kana pipiaraan. Nu jahat mah telenges kana pipiaraan teh.

¹¹ Jurutani anu wekel digawe moal kurang dahareun. Kacida bodona miceunan waktu pikeun hal nu mubadir.

¹² Jalma jahat ngan nyiar pidorakaeun, ari nu bener mah hirupna teh reugreug.

¹³Jalma jahat kabeulit ku omonganana keneh. Ari ku nu jujur mah pikasusaheun ge luput.

¹⁴Ganjaran teh gumantung kana ucap jeung laku lampah, saimbang jeung pagawean.

¹⁵Jalma gejul mah sok ngarasa bener bae. Sabalikna nu wijaksana mah daek narima pituah.

¹⁶Lamun jalma palung pundung, sok terus nangarkeun maneh. Ari nu lantip mah tahan ku pangweweleh.

¹⁷Lamun maneh nyarita nu saenyana, kaadilan baris jalan. Sabalikna lamun bohong, kaadilan moal jalan.

¹⁸Omongan anu teu dipikir heula lir pedang nojos, jero ngaraheutanana. Demi omongan anu make akal budi mah jadi tamba.

¹⁹Bohong mah moal tahan lila-lila. Sabalikna nu saestuna mah tagen sapapanjangna.

²⁰Nu ngareka kajahatan, ngareka picilakaeun. Sabalikna anu nyieun pibenereun mah baris pinanggih bagja.

²¹Jalma ibadah mah moal meunang mamala. Sabalikna jalma jahat tangtu meunang susah.

²²PANGERAN ngewa ka tukang bohong, sabalikna misuka ka nu nedunan jangjina.

²³Jalma lantip mah tara ieu aing nyaho, sabalikna anu palung mah nembrakkeun kabodoanana.

²⁴Wekel digawe matak boga kawasa. Nu kedul mah paling-paling jadi badega.

²⁵Ku kasusah mah jalma teh leungit kabagjaanana, tapi ku pangbeberah mah kasusahna paler.

²⁶Jalma bener jadi tuduh jalan ka nu sejen, demi nu jahat mah sabalikna, sok nyasabkeun ka batur.

²⁷Anu kedul moal bisa ngahontal udaganana, sabalikna nu rajin mah baris pinanggih jeung bagja.

²⁸Bener teh nungtun kana jalan hirup. Ari kagejulan nungtun kana jalan pipaeheun.

13¹Budak bageur, ari dipapatahan ku bapana teh nurut. Ari nu gede hulu mah dipepelinan teh embung.

²Jalma hade saucap-ucapna nguntungkeun, ari tukang tipu mah malah resep kana kakerasan.

³Ngomong masing ati-ati, hirup kudu dijaga. Nu ngomongna gagabah baris tijungkel.

⁴Pangedulan sanajan loba kahayang ge moal laksana, sabalikna nu getol, sagala kahayangna tangtu kahontal.

⁵Jalma jujur ngewa kana bohong, ari nu jahat mah saucap-ucapna teh ngerakeun jeung pikaijideun.

⁶Kayaktian teh ngaraksa ka nu teu salah. Ari kajahatan mah ngadatangkeun kacilakaan ka nu daroraka.

⁷Aya nu akon-akon beunghar padahal taya kaboga. Aya oge anu pura-pura miskin padahal beunghar.

⁸Anu beunghar, duitna teh dipake keur ngajaga kasalametanana. Sabalikna jiwa nu miskin mah moal aya nu ngarah.

⁹Jelema bener ibarat cahaya ngagebray, jelema jahat mah ibarat lampu melempem rek pareum.

¹⁰Sipat angkuh nungtun kana pisusaheun. Jadi jalma mah ulah sungkan menta luang.

¹¹Banda mah beuki gampang dialana, beuki gampang beakna. Beuki wekel ngalana, beuki nambahsan lobana.

¹²Estu nalangsa lamun pangharepan gagal, sabalikna ana kahayang laksana, hate pinuh ku bagja.

¹³Nolak nasehat, eta teh menta kasusah. Nurut kana nasehat tangtu mulus.

¹⁴Piwulang ti nu budiman, ibarat cinyusu ngaburial terus, bisa jadi jalan pisalameteun tina bahaya.

¹⁵Akal budi ngajungjung darajat, ari jelema anu sok cidra mah anggur tumpur.

¹⁶Jalma anu sehat akal, sagala lampahna dipikir ti samemehna. Ari nu gejul mah sok tuluy nangarkeun kagejulanana.

¹⁷Utusan anu teu beunang dipercaya matak nyilakakeun. Utusan anu satuhu mah ngalantarankeun rapih.

¹⁸Nu embung diajar bakal malarat tur taya harkat. Nu daek nampa panggeuing mah bakal diajenan.

¹⁹Kacida untungna lamun kahayang bisa laksana. Jalma gejul mah arembung babalik pikir.

²⁰Pek nyampur jeung nu pinter, tangtu pinter. Pek babaturan jeung nu garejul, tangtu ancur.

²¹Di mana-mana ge nu doraka mah dikukuntit ku picilakaeun. Sabalikna nu balener mah baris meunang ganjaran.

²²Jalma hade bisa ngawariskeun kakayaanana ka incu-incu. Sabalikna harta banda jelema jahat mah baris ragrag ka jalma anu balener.

²³Tanah nganggur bisa ngahasilkeun dahareun pirang-pirang keur nulung anu mariskin. Tapi ku jelema jahat mah dicarek, teu meunang dikebonan.

²⁴Nu tara ngawarah anak tandaning teu nyaah. Mun enya nyaah ka anak tangtu daek ngelingan.

²⁵Jalma bener moal kurang dahareun, sabalikna jalma jahat mah salawasna lapareun bae.

1 4¹Awewe binangkit ngamumule rumah tanggana. Sabalikna awewe gejul mah ngabaruntakkeun.

²Kudu jujur tandaning ngesto ka PANGERAN. Mun teu jujur, tanduning teu sieun ku Mantenna.

³Jalma gejul mah sok muji maneh bawaning ku sompong-sombongna. Sabalikna anu berbudi, karaksa ku omonganana.

⁴Mun euweuh sato keur narik wuluku, leuit teh bakal kosong. Mun aya mah tangtu pinuh.

⁵Saksi anu beunang dipercaya, nu dicaritakeunana teh tangtu bener. Saksi palsu mah pangakuanana bohong kabeh.

⁶Tukang cacawad mah moal bisa bijaksana. Ari nu ngarti mah babari diajarna.

⁷Nu burung mah jauhan bae, da moal bisa ngajardeun naon-naon ka urang.

⁸Naon sababna jelema pinter wet bijaksana? Sabab nyaho kana pilampaheun dirina. Naon sababna jelema bodo wet gejul? Sabab pangrasana mah sagala nyaho.

⁹Nu barurung tara mikiran dosana. Jelema anu harade mah hayang dihampura.

¹⁰Suka keur sorangan, duka keur sorangan, batur mah mo bisa milu ngarasakeun.

¹¹Waktu imah jelema jahat diruksak, imah jelema bener mah tetep nagen.

¹²Aya jalan anu disangka pisalameteun, padahal brasna kana pipaeheun.

¹³Seuri teh sok dipake nyumputkeun kasedih. Ari enggeusna mah angger-angger bae susah.

¹⁴Jalma goreng baris tinemu jeung kagorengan. Jalma hade baris meunang pahla tina kahadeanana.

¹⁵ Jalma bodo mah percayaan, ari nu binangkit mah ngawas-ngawas heula pilengkaheun.

¹⁶ Jelema nu boga pikiran mah sok ati-ati sangkan luput tina kasusah. Ari nu bodo mah sok lalawora jeung sologoto.

¹⁷ Anu babarian napsu lampahna sok siga nu burung, da jelema bijaksana mah adatna teh leuleuy.

¹⁸ Jalma nu taya kanyaho, temahna bodo. Ari nu bijaksana mah diganjar pangarti.

¹⁹ Jalma jahat baris ngeluk hareupeun jelema bener bari tamada menta dipikarunya.

²⁰ Ka nu malarat mah taya pisan nu misobat, teu cara nu beunghar loba sobatna.

²¹ Mun hayang ngarasa bagja, kudu karunya ka anu balangsak. Mikangewa ka batur teh dosa.

²² Mun urang migawe hade, baris dihormat jeung dipercaya. Pohara kaliruna migawe nu goreng mah.

²³ Mun hayang nyapek kudu ngoprek, da ari ngobrol bae mah pimalarateun.

²⁴ Jalma bijaksanaanana, jalma gejul kaceluk ku kagejulanana.

²⁵ Lamun carita saksi sayakti, bisa ngajait tina pati. Lamun caritana bohong eta mah hianat.

²⁶ Sieun ku PANGERAN teh matak teger jeung reugreug ka urang sakulawarga.

²⁷ Sieun ku PANGERAN teh dadasarna hirup, anu bisa ngajauhkeun tina ancaman pati.

²⁸ Agungna raja gumantung kana jumlah rahayatna, tanpa rahayat raja ge taya hartina.

²⁹ Jelema anu tahan sabar nandakeun bijaksana, sabalikna nu gede ambek mah nandakeun kacida bodona.

³⁰ Hate sugema matak hurip kana diri, sirik dengki mah ibarat panyakit matak paeh.

³¹ Ngagencet ka nu miskin, eta teh ngununghak ka Allah nu ngadamelna. Welas asih ka nu miskin, eta teh hiji bakti ka Mantenna.

³² Jalma jahat baris ragrag ku kajahatanana, jalma bener bakal karaksa ku kajujuranana.

³³ Jelema nu boga pangarti, sagala pikiranana dibarengan ku akal budi. Jelema gejul mah tuna tina akal budi.

³⁴ Bangsa anu nyekel bebeneran baris jaya. Lamun bangsa nyieun dosa, tangtu bakal nista.

³⁵ Pagawe nu parigel bakal kapake ku rajana. Pagawe anu nguciwakeun manahna mah bakal dihukum.

1 **5**¹ Jawaban sareh nyirnakeun amarah.

Jawaban nyogok ngahudang napsu.

² Jalma nu boga pangarti mah ana nyarita kaciri yen ngeusi. Nu burung mah harus omongna wungkul.

³ PANGERAN uninga kana kajadian di mana-mana. Kalakuan urang boh nu hade boh nu goreng ku Mantenna katilik.

⁴Ucap genah matak seger, ucap anu garihal mah nyentug.

⁵Goreng pisan anak ngalalaworakeun papatah bapa. Anu ngestokeun panggeuing bapana nandakeun yen tumarima.

⁶Jelema bener mah harta bandana karaksa. Harta banda jalma jahat mah bakal beak dina usum suker.

⁷Kanyaho teh nyebarna ti nu palinter, lain ti nu barodo.

⁸Paneda jalma balener kamanah ku PANGERAN. Sabalikna jalma jarahat mah pangbaktina ge dipikageuleuh.

⁹PANGERAN ceuceub kana cara hirupna jalma doraka, tapi asih ka jalma nu hade lampah.

¹⁰Mun lampah urang goreng tangtu dihukum beurat. Jalma nu embung narima pepeling moal jamuga.

¹¹Nu aya di enggon nu paeh ge ku PANGERAN mah kauninga. Jadi pimanaeun manusa bisa nyumputkeun eusi hatena ti Allah?

¹²Tukang cacawad mah embung digeuing, tara teh teuing daek tatanya ka nu palinter.

¹³Jalma nu keur meunang kabungahan, budina marahmay, ari keur bingung mah nguyung.

¹⁴Pangarti teh ku nu pinter mah diulik, ari nu gejul mah geus bodo teh enggeus bae.

¹⁵ Nu mariskin hirupna teu weleh ripuh, ari anu sararenang tara kendat sukan-sukan.

¹⁶ Miskin oge ari iman ka PANGERAN mah leuwih bagja ti batan beunghar tapi loba kasusah.

¹⁷ Mending keneh dahar saukur jeung lalab jeung jalma nu dipikanyaah, ti batan dahar jeung daging tapi bari aya kangewa.

¹⁸ Barangasan nungtun kana picekcokeun, sabar mah nungtun kana karuntutan.

¹⁹ Di mana-mana ge ari kedul mah hese hirup. Hayang ulah manggih susah mah kudu jujur.

²⁰ Anak anu bijaksana nyenangkeun hate bapana. Ngan jalma gejul anu ngarendahkeun ka indung mah.

²¹ Nu gejul mah bodo oge ngeunah-ngeunah bae. Ari nu dilampahkeun ku nu pinter mah pagawean bener.

²² Kudu getol tatanya heula, tangtu hasil nya maksud. Mun teu kitu bororaah.

²³ Pohara nyugemakeunana mere jawaban nu nya cocog ucapna nya cocog jeung kaayaan.

²⁴ Jalma binangkit mah jalanna teh ka luhur ngajugjug kana hirup, lain ka handap kana pipaeheun.

²⁵ Nu adigung baris ditumpes rumah tanggana ku PANGERAN. Sabalikna pangaboga randa mah ku Mantenna ditangtayungan.

²⁶PANGERAN mikagiruk pipikiran jelema goreng, sabalikna misuka kana ucap-ucap nu darehdeh.

²⁷Nyokot untung bari teu jujur, matak susah anak rabi. Tong daek nampa panyogok sangkan bisa hirup mayeng.

²⁸Jelema hade mah memeh ngajawab teh mikir heula. Sabalikna jelema goreng mah gancang ngajawab, tapi matak nyusahkeun.

²⁹Paneda jelema hade ku PANGERAN didangu, nu doraka mah moal dipirosea.

³⁰Parangi hade ngagumbirakeun hate, beja hade matak lega rarasaan.

³¹Daek malire kana panggeuing, nandakeun yen bijaksana.

³²Mun urang nolak kana nasehat, nu rugi diri sorangan. Sabalikna mun daek narima pepeling, bakal jadi leuwih bijaksana.

³³Sieun ku PANGERAN teh atikan nu mawa hikmah. Mun hayang kaajen kudu handap asor heula.

16¹Manusa meunang nyieun pamaksudan, ari nu nangtukeunana mah Allah.

²Ceuk pangrasa urang mah pagawean urang teh hade bae. Ari PANGERAN mah nguji ka nu aya dina sanubari urang.

³Kudu nyuhunkeun ka PANGERAN sangkan rencana urang diberkahan, tangtu pagawean urang lulus.

⁴Sagala dadamelan PANGERAN aya tujuanana masing-masing. Mantenna geus nangtu keun yen nu jahat baris ditumpes.

⁵Nu arangkuh jadi kacua PANGERAN, tur moal bisa nyinkir tina hukuman.

⁶Kudu satia satuhu, tangtu dosa urang ku Allah dihampura. Kudu tumut ka PANGERAN, tangtu luput tina musibat.

⁷Mun urang nyukakeun manah PANGERAN, musuh oge bisa malik nyobat.

⁸Pangasilan saeutik ge ari beunang jujur mah leuwih mangpaat, ti batan loba tapi meunang teu bener.

⁹Manusa anu boga angen-angen, Allah anu memener lengkahna.

¹⁰Timbalan raja mah meunang kawasa ti Allah, putusanana salawasna adil.

¹¹Pamundut PANGERAN, timbangan jeung ukuran teh kudu bener, jujualan kudu jujur.

¹²Raja teu meunang ngantep kajahatan, sabab kuatna pamarentahan teh nya ku kaadilan.

¹³Raja mah kahoyongna ngadangu perkara nu saestuna, mikaresep ka sakur anu ngucapkeun anu sayaktina.

¹⁴Jalma anu bijaksana, narekahan sangkan raja senang manahna. Sabab lamun raja enggeus bendu, teu mustahil mun aya nu nepi ka paeh oge.

¹⁵Kurnia raja lir ibarat mendung nurunkeun hujan di musim halodo, matak ngahirupkeun.

¹⁶Boga pangarti jeung kapinteran mah leuwih utama ti batan boga emas perak.

¹⁷Jalma hade mah lampahna nyingkiran pibalahieun. Ku sabab eta kudu ati-ati lampah, sangkan rahayu.

¹⁸Adigung temahna ancur, angkuh temahna rubuh.

¹⁹Mending oge rendah hate jeung taya kaboga, ti batan milu ka jalma angkuh jeung milu kacemekan ku barang beunangna ngarampas.

²⁰Sing tigin kana piwulang, supaya lulus nya maksud. Masing ngandel ka PANGERAN, malar meunang kabagjaan.

²¹Jalma bijaksana anu sawawa, kaciri tina pangartina; tina carana nyarita, omonganana beuki tambah ngayakinkeun.

²²Hikmah teh sumber hirupna jalma anu bijaksana, tapi mapatahan jelema gejul mah ka hambur-hambur waktu.

²³Jalma berbudi mah memeh ngomong dipikir heula, jadi anu diucapkeunana teh bisa leuwih ngayakinkeun.

²⁴Ucap darehdeh ibarat madu, nya amis nya alus keur kasehatan.

²⁵Aya jalan anu disangka pisalameteun, padahal brasna kana pipaeheun.

²⁶Kajurung ku lapar, nu kuli mah beuki soson-soson digawena, sangkan bisa buru-buru dahar.

²⁷ Jelema jahat mah ngan neangan bae jalan picilakaeun batur. Malah ucap-ucapna ge ngagudag-gudag ku kajahatan.

²⁸ Jalma jahat resep nyebarkeun pitenah, kagorenganana dipake ngabengkahkeun anu eukeur sosobatan.

²⁹ Jalma telenges mah ka baturna ge nипу merdaya, ngarah baturna cilaka.

³⁰ Sing waspada ka nu nyengiran jeung ngiceupan, eta teh dina hatena mah boga niat jahat.

³¹ Umur panjang jadi ganjaran ka jalma anu temen nya lampah, ari huis minangka makuta mulya.

³² Mending sabar ti batan gagah. Mending ge bisa ngered diri, ti batan bisa ngarebut hiji kota.

³³ Taya halangan ngalung dadu oge geusan neguh pangersa Allah. Ari jawabanana mah ditangtukeun ngan ku Allah.

17 ¹ Mending dahar sangu bear tapi hate tengtrem, ti batan kadaharan nu ngareunah di imah anu pinuh ku kasusah.

² Badega anu binangkit bisa ngelehkeun anak dunungan nu tanpa guna. Malah bisa kabagi warisan sagala.

³ Emas jeung perak diujina ku seuneu. Ari hate jelema mah diujina ku PANGERAN.

⁴ Jalma jahat ngaguguna kana pikiran jahat, tukang bohong kana bohong.

⁵ Ngulinkeun nu miskin sarua jeung ngulinkeun PANGERAN nu ngadamelna. Ulah atoh nenjo batur nu goreng milik, bisi kahukum.

⁶ Nu geus karolot sok agul ku incu-incu, cara barudak sok agul ku bapana.

⁷ Jelema nu lantip budi nyaritana moal bohong, jeung pamohalan pisan jelema gejul nyarita aya eusina.

⁸ Aya jalma anu nganggap, yen panyogok teh matih, sagala ge ku eta mah leeh.

⁹ Mun hayang dipikaresep, kudu daek ngahampura batur nu salah ka urang. Ngunek-ngunek bae kana kasalahana mah keur nyobat ge bisa pegat.

¹⁰ Panegor sakali ge ku jalma berbudi mah leuwih karasaeun mangpaatna, ti batan jalma bodo digebugan ratusan kali.

¹¹ Ka jalma jahat anu salawasna nyieun onar, pati teh datangna lir utusan nu kejem.

¹² Aya saleuheung amprok jeung biruang anu karampas anakna, ti batan tepung jeung anu burung nu pipikiranana gejul.

¹³ Males goreng ka nu hade, balukarna kagorengan teh bakal nyayang di imah.

¹⁴ Awal pasendatan, ibarat mimiti bocorna hiji bendungan. Memeh bedah kudu geuwat diomean.

¹⁵ Nyalahkeun jelema beresih, atawa ngaleupaskeun jelema jahat, duanana ge kaceuceub PANGERAN.

¹⁶ Ngongkosan nu gejul sangkan dididik euweuh hadena, da puguh teu bogaeun pikiran sehat.

¹⁷ Sobat salawasna sok nembungkeun kanyaahna. Ari dulur pikeun naon mun lain keur silih tulungan dina kasusah?

¹⁸ Anu sasanggupanan mangmayarkeun hutang tatangga mah, ngan jelema anu teu boga pikiran.

¹⁹ Jalma nu resep kana masiat, resep pasea, jalma anu osok nyombong bae, neangan pipaseaeun.

²⁰ Gindi pikir jeung goreng biwir, ngan cilaka bagianana, moal meunang kahadean.

²¹ Pikeun nu jadi bapa mah lamun anakna milampah kagejulan, taya lian ti matak nalangsa.

²² Gumbira teh matak sehat. Nguluwut bae mah matak gering nangtung.

²³ Hakim anu piduit, ririkipan daek disogok, kaadilan mah teu dijalankeun.

²⁴ Jelema anu asak luangna, nu diulik teh lampah nu bijaksana. Ari anu atah luangna mah sok kumaha bae karepna.

²⁵ Anak gejul, ka bapa matak susah, ka indung matak nalangsa.

²⁶ Henteu pantes ngadengda jelema anu henteu salah. Henteu pantes ngahukum jelema bageur.

²⁷ Jalma nu yakin kana dirina, tara ngomong sagawayah. Jelema bijaksana mah ayem.

²⁸Nu gejul ge ari repeh jeung sungutna kuateun balem mah sok disangka bijaksana.

18¹Jelema nu tara campur jeung batur, sok mentingkeun dirina bae. Kana paham batur, kajeun ceuk nu rea bener, tara satuju.

²Keur nu gejul mah ngarti sukur henteu kajeun. Maksudna ge ngan ukur hayang ngabengbrengkeun kapinteran sorangan.

³Dosa katut wiwirangna rerentetan. Mun harga diri geus leungit, kari hinana.

⁴Ucap-ucapan jelema bisa jadi hikmah, jero ibarat sagara, seger lir cai walungan.

⁵Condong ka nu salah jeung teu mere kaadilan ka jelema nu beresih tina kasalahan teh goreng pisan.

⁶Lamun nu gejul geus mimiti ngasongkeun alesan, eta sarua jeung menta paneunggeul.

⁷Nu gejul mah ana geus nyarita sok terus ngocoblak, nepi ka karingkus ku ucap-ucapna keneh.

⁸Aya ku genah ari ngadengekeun upatan! Mun kongang mah mani hayang nyamualkeun.

⁹Jalma kedul sarua gorengna jeung jelema nu ngaruksak.

¹⁰Jenengan PANGERAN lir benteng anu tohaga. Jalma anu ibadah bisa muru ka dinya, tangtu rahayu.

¹¹ Ari ceuk pangrasa nu baleunghar, harta bandana teh bisa ngajaga dirina, lir kuta tohaga ngabudeur nagara.

¹² Ari hayang dihormat kudu rendah hate. Ari angkuh mah baris tijungkel.

¹³ Memeh ngajawab regepkeun heula. Lamun henteu kitu, tetela maneh teh bodo, celaeun.

¹⁴ Kahayang kana cageur ari keur gering, bisa nunjang kakuatan. Leungit eta, harepan ge musna.

¹⁵ Jelema pinter mah kana nyiar elmu teh mani nyongsrong tur junun.

¹⁶ Anjeun rek ngadeuheus ka jelema penting? Bawakeun tanda katineung, moal teu lungsur-langsar.

¹⁷ Nu nyarita ti heula di pangadilan, memeh lawanna ngabantah mah caritana sok siga enya.

¹⁸ Lamun dua jalma nu sarua kawasana padu di pangadilan, bisa disapih ku ngalung dadu.

¹⁹ Kudu nulung ka dulur, engke manehna ngabela ka urang lir kuta anu tohaga ngabenteng nagara. Sabalikna lamun digetrengan, kaanjangan ge embungeun.

²⁰ Jamuga moalna urang, gumantung kana omongan sorangan.

²¹ Sabab hirup teh goreng ku omong hade ku omong. Balukar tina omongan urang, nu nanggungna urang-urang keneh.

²² Nu boga pamajikan teh estu jelema bagja.
Eta teh rahmat PANGERAN.

²³ Nu malarat mah ngucapkeun pamentana lengas-lengis. Tapi nu beunghar mah ana ngajawab teh ketus.

²⁴ Loba sobat nu teu awet, aya oge nu satia leuwih ti dulur sorangan.

19 ¹Miskin oge ari jujur mah leuheung, ti batan nya gede bohong nya gejul.

²Sumanget ngagegedur ge ari bari jeung euweuh pangarti mah jang naon. Tur ari gurunggusuh teh sok matak nyusahkeun maneh.

³Aya jalma nu cilaka ku lantaran kalakuanana anu bodo, tapi neumbleuhkeun ka PANGERAN.

⁴Nu beunghar mah babari meunang sobat-sobat anyar. Ari nu malarat mah sobat nu aya ge sok nungtutan areuweuh.

⁵Ngabohong di pangadilan tinangtu dihukum, hamo bisa luput.

⁶Sasaha ge ku jelema penting mah hayang kaaku, ku nu balabah hayang dipisobat.

⁷Keur nu miskin mah boga dulur ge sarua jeung henteu. Komo sobat mah sakumaha hayangna ge moal boga.

⁸Kudu daek diajar sabisa-bisa, ciri yen nyaah ka diri, seug ingetkeun beubeunangan diajar teh, tangtu bagja.

⁹Nu ngabohong di pangadilan moal aya anu luput tina hukuman, pasti binasa.

¹⁰Nu barodo mah teu pantes hirup mewah.
Kitu deui jalma beulian pimanaeun pantes
marentah ka pangagung.

¹¹Jalma anu asak sasar mah sok bisa
mengkek amarah. Lamun urang digogoreng
tapi ku urang teu ditolih, estu mulya kacida.

¹²Amarah raja ibarat gaurna singa.
Sabalikna kurniana mah ibarat hujan beunang
hayang.

¹³Anak bodo bisa matak ancur bapana.
Pamajikan nu cerewed ibarat cai nyakclakan
teu eureun-eureun.

¹⁴Imah jeung harta bisa diwaris ti kolot. Ari
nu iasa maparin bojo binangkit mah ngan
PANGERAN.

¹⁵Rek kedul pek, rek hees bae pek, moal teu
kalaparan.

¹⁶Turutkeun papagon Allah tangtu maneh
panjang umur; mun dilalaworakeun, tangtu
maneh paeh.

¹⁷Barang bere ka nu miskin ibarat
nginjeumkeun ka PANGERAN. Mantenna nu
baris ngabalesna.

¹⁸Warah anak teh sangkan nurut ti lelembut,
daijar ti bubudak. Mun diantep, sasat urang
keneh anu nyilakakeun engkena.

¹⁹Jalma anu gede ambek mah antep sina
ngarasakeun balukarna. Ditulungan sakali
engke teh menta deui menta deui.

²⁰Denge nu mere nasehat, sing daek mulungan luang, tangtu baris boga pangabisa.

²¹Manusa ngareka itu jeung ieu, ari jadi henteuna mah kumaha kersa PANGERAN.

²²Jalma hawek mah pikasebeleun. Saleuheung nu miskin ti batan nu gede bohong.

²³Masing iman ka PANGERAN sangkan panjang umur, reugreug moal meunang bahla.

²⁴Aya jelema anu ku kedul-kedulna, nepi ka hoream ngahuap.

²⁵Nu angkuh kudu dihukum, geusan pangajaran ka jalma anu teu nyaho pisan ka nu hade. Ku jalma berbudi mah panggeuing teh dijieun piluangeun.

²⁶Anu nganyenyeri ka bapa atawa nundung ka indung, estu jelema doraka, teu boga rasa rumasa.

²⁷Anaking, mun maneh geus embung deui diajar, ka anu geus beunang ti heula ge bakal gancang poho.

²⁸Lamun saksi geus niat rek ngagebruskeun, hamo aya kaadilan. Jelema jahat mah kana kagorengan teh pohara beukina.

²⁹Tukang popoyok mah tangtu meunang hukuman, nu garejul pasti meunang pangrangket.

20¹ Anggur ari loba teuing mah matak ngacapruk kawas nu burung. Daek mabok mah bodo kabina-bina.

² Kudu gimir ku amarah raja, kawas gimir ku gaurna singa. Ngahudang amarahna sarua jeung maehan maneh.

³ Lampah pujieun pisan nyingkiran anu garejul parebut padu mah.

⁴ Lamun patani dina usum nyawah kedul ngawuluku, tangtu moal boga pibuateun.

⁵ Pipikiran jelema teh saibarat cai dina sumur jero. Tapi ku anu berbudi mah teu burung katimba.

⁶ Saban jalma sok ngakukeun satia, tapi ari anu enya satia mah langka.

⁷ Bagja anu jadi anak, lamun bapana jujur sarta kalakuanana bener.

⁸ Raja anu linggih dina korsi pangadilan, socana awas kana kajahatan.

⁹ Jalma mana anu wani nyebutkeun yen dirina enyaan beresih, geus lubar tina dosana?

¹⁰ Tukang malsu timbangan jeung meteran, jadi kagiruk PANGERAN.

¹¹ Sipat budak oge boh jujur, boh bageur, tembong dina paripolahna.

¹² PANGERAN maparin panon keur nenjo, maparin ceuli pikeun ngadenge.

¹³ Lamun waktu ngan dipake sare, nya malarat balukarna. Kudu ngoprek, sangkan seubeuh barang capek.

¹⁴Anu meuli, sabot nawar mah nyebutna teh mahal teuing, mahal teuing. Tapi ari geus beunang mah agul-agul, boga rasa pinter nawar.

¹⁵Lamun maneh ngarti kana hal anu keur diucapkeun sorangan, eta teh pangaboga anu pangajina leuwih ti emas atawa permata.

¹⁶Pohara kabalingerna sasanggupanan rek mangmayarkeun hutang batur teh, lantaran kudu jeung wani naruhkeun sakabeh kabogana.

¹⁷Barang beunang teu jujur, mimiti mah karasana lir kadaharan anu pohara ngeunahna, tapi lila-lila mah asa neureuy keusik.

¹⁸Tong asa-asanya menta heula nasehat, sangkan hasil anu diseja. Rek tarung ge ulah ujug-ujug der, kudu asak tatahar heula.

¹⁹Nu beuki ngobrol mah teu bisa dibawa nyekel rasiah. Anu loba omong leuwih hade dijauhan.

²⁰Anu nyumpahan ka kolot, hirupna bakal enggeusan, lir palita anu pes pareum di nu poek.

²¹Harta banda mah beuki gampang disiarna, beuki kurang mangpaatna.

²²Ulah hayang ngabales ka nu nyilakakeun. Anggur sanggakeun ka PANGERAN, Mantenna anu baris ngalereskeun.

²³PANGERAN mikagiruk ka jalma nu make timbangan palsu jeung malsu timbangan.

²⁴ Pimanaeun manusa bisa nyaho kana tincakeun hirupna, sabab lengkah-lengkahna PANGERAN anu nangtukeun.

²⁵ Memeh aya panadaran ka PANGERAN, timbang heula masing asak, sangkan henteu kaduhung ahirna.

²⁶ Ku raja anu binekas mah nu boga salah teh kauninga sarta dihukum teu dipikarunya.

²⁷ PANGERAN ka urang maparin budi rasa reujeung ati sanubari. Urang moal bisa sumput salindung.

²⁸ Raja baris tetep kawasana, satungtung marentahna jujur, bener, adil.

²⁹ Ka barudak ngora katarik teh ku kakuatanana, ari ka nu karolot hormat teh ku karana huisna.

³⁰ Ngarobah cara hirup teh sakapeung mah matak kacida peurihna.

21 ¹ PANGERAN mah ngamudi manah raja ge gampileun. Sarua gampileunana jeung ngatur ngocorna walungan.

² Meunang boga rasa yen sagala panggawe maneh hade, tapi inget, nu ditilik ku PANGERAN mah alesanana.

³ Lampahkeun naon nu hade, naon nu jujur, baris kamanah ku PANGERAN leuwih ti batan mere kurban.

⁴ Jalma jahat dikawasaan ku kaadigungan jeung kasombonganana, eta teh dosa.

⁵Rarancangkeun sing asak, sangkan mucukil.
Bari gurunggusuh mah beubeunanganana
moal sabaraha.

⁶Kakayaan beunang teu jujur tereh leungit,
tapi memeh leungit teh ngagubragkeun urang
heula kana liang kubur.

⁷Jalma jahat baris cilaka ku katelengesanana
sorangan; maranehna cadu kana lampah
bener.

⁸Jalma jahat nyokot jalan anu serong, jalma
nu suci beresih mah lampahna teh bener.

⁹Mending cicing di luhur hateup, ti batan
saimah jeung pamajikan cerewed.

¹⁰Jalma jahat mah salawasna ge kabeukina
teh kajahatan, ka nu lian taya pisan
karunyana.

¹¹Hukuman ka nu adigung, jadi pangajaran
ka nu taya luang. Jalma berbudi dipepelinan
teh jadi tambah bijaksana.

¹²Allah nu maha adil terang kana kaayaan
di imah jelema jahat. Mantenna bakal
ngagebruskeun manehna sina cilaka.

¹³Lamun urang embung ngadenge jumeritna
anu sangsara, engke mun urang sasambat
menta tulung, moal aya nu malire.

¹⁴Jalma anu ambekeun ka urang, anteuran
rerencepan, engke amarahna leler.

¹⁵Jelema hade mah mun kaadilan jalan teh
atoh, sabalikna nu jahat mah hanjelu.

¹⁶Jalma nu teu make pikiran sehat, bakal
tereh paeh.

¹⁷ Resep mewah, beuki mabok, dahar royal bae, matak moal beunghar-beunghar.

¹⁸ Jalma jahat baris cilaka ku kajuliganana sorangan anu tadina rek dipake nyilakakeun jelema nu bageur.

¹⁹ Mending miceun maneh ka gurun keusik, ti batan hirup jeung pamajikan tukang humandeuar jeung cerewed.

²⁰ Jalma binangkit, hirupna subur makmur. Ari jelema gejul mah harita meunang duit, harita beak.

²¹ Sing bageur, sing someah, tangtu panjang umur, nu lian ge tangtu ngajenan jeung jujur ka urang.

²² Panglima anu pinter, bisa ngarampas kota anu dibela ku nu garagah, bisa ngancurkeun benteng nu jadi andelan maranehna.

²³ Mun embung meunang susah, kudu ati-ati nyarita.

²⁴ Jalma angkuh mah sompong, adigung, jeung tara mikirkeun batur.

²⁵ Jalma kedul, nu embung digawe, sasat maehan maneh,

²⁶ gawena teh ngan wungkul ngalamun hayang beunghar. Ari jelema nu bener mah balabah tur mere maweh.

²⁷ Kurban ti jelema jahat ku PANGERAN dipikageuleuh. Komo lamun merena teh ku sabab aya anu dipamrih.

²⁸Panyaksi ti jelema tukang bohong moal diandel. Sabalikna caritaan jelema nu asak pikir mah bisa ditarima.

²⁹Jelema anu bener mah teteg moal raga-reugeu. Sabalikna jelema jahat mah mani kudu satekah polah narekahan sangkan dipercaya.

³⁰Kawijaksanaan, uteuk encer jeung pangarti manusa, dibandingkeun jeung PANGERAN mah teu aya pisan hartina.

³¹Kuda perang, urang anu nyadiakeunana; tapi ari nu mere kaunggulan mah PANGERAN.

22¹Lamun kudu milih, mending milih ngaran seungit ti batan milih kabeungharan.

²Nu beunghar jeung nu miskin aya kasaruanana, nya eta duanana oge PANGERAN anu nyiptakeunana.

³Jalma anu surti mah kana pibahlaeun teh awas, seug disingkahan. Ari nu teu boga pikiran mah noyod bae, temahna kaduhung.

⁴Masing ajrih sarta rendah hate ka PANGERAN, tangtu maneh bisa beunghar, kaajen, jeung umur panjang.

⁵Betah keneh hirup mah ulah nyorang jalan anu aya balahina, anu sok ngajiret jelema jahat.

⁶Budak teh papatahan kumaha kuduna hirup, sangkan ingeteun saumur-umur.

⁷ Nu mariskin jaradi badega nu baleunghar, anu nginjeum duit sok jadi budakna anu nginjeumkeun.

⁸ Lamun melak kacurangan, bahla pijadieunana, eureun nindes ka batur ge.

⁹ Kudu berehan, kudu daek mere dahar ka nu kokoro, tangtu baris meunang berkah.

¹⁰ Anu moyok kudu disingkir, tangtu moal jadi cekcok silih cental atawa silih poyok.

¹¹ Lamun mikaresep kana ati suci tur someah hade basa, tinangtu raja ge misobat.

¹² Ku jalan ngabolekerkeun omongan tukang bohong, PANGERAN midamel sangkan hal anu sabenerima kapiara.

¹³ Nu kedul mah ngan ulukutek di imah bae, majar teh di luar sieun ditekuk kerud.

¹⁴ Awewe bangor ibarat senteg. Jalma anu meunang bebendu ti PANGERAN mah tangtu beunang.

¹⁵ Barudak mah biasa sok bolostrong sologoto. Tapi ari dididik hade-hade mah tangtu ngarti.

¹⁶ Sering barang kirim ka nu beunghar, atawa ngumpulkeun kabeungharan ku ngagencet nu mariskin, engkena sorangan jadi malarat.

¹⁷ Regepkeun, kami rek ngajarkeun pituturna jalma-jalma bijaksana. Pek arulik,

¹⁸ tangtu bagja lamun geus bisa kacekel.

¹⁹ Ayeuna urang pedar, malak mandar jadi lantaran ngandel ka PANGERAN.

²⁰Eta tilu puluh pitutur ku kami geus dituliskeun jang maraneh, eusina panemu reujeung nasehat anu harade,

²¹nu bakal nuduhkeun naon saenyana nu disebut bener teh. Engke, ari maraneh ditanya sual eta, bisa mere jawaban anu bener.

²²Ulah ngarah untung ti nu mariskin, ulah kena-kena bisa. Ulah meres ka jelema nu taya dayana di pangadilan.

²³Karana PANGERAN baris ngabela perkarana, sarta anu nyilakakeunana baris diarah patina.

²⁴Ulah nyobat jeung jelema nu galede ambek, nu kalasar tabeatna,

²⁵bisi ari katepaan hese miceunna deui.

²⁶Ulah sasanggupanan mangmayarkeun hutang batur.

²⁷Bisi ari teu kabayar, barang-barang maneh tepi ka ranjang-ranjang dirampas.

²⁸Ulah ngarobah-robah wawatesan beunang netepkeun karuhun.

²⁹Kungsi maneh manggih jelema anu hade gawena? Jalma kitu henteu pantes aya dina lingkungan jelema biasa, sabab layak aya dina lingkungan raja-raja.

23¹Mun urang pareng dahar jeung jelema penting, kudu inget eta teh saha.

²Najan pohara laparna kudu nyengker maneh.

³ Ulah mangpang-meungpeung pedah dahareunana ngareunah, boa teuing eta teh rek ngadoja.

⁴ Ulah nyusahkeun diri tipoporose hayang beunghar.

⁵ Duit mah ku sakilat ge bisa musna, siga nu ngadak-ngadak jangjangan, biur hiber kawas heulang.

⁶ Ulah daek dahar di imah jelema kumed, komo nepi ka makmak-mekmek mah pedah ngarareunah.

⁷ "Mangga sing kenging," carekna, padahal ceuk hatena mah lain kitu. Sikepna piseueuleun.

⁸ Boa-boa sangu nu geus dihuapkeun ge kautahkeun deui. Cumah urang muji-muji oge.

⁹ Ka nu gejul mah ulah pangangguran ngomong nu aya hartina, da moal dihargaan.

¹⁰ Ulah mindahkeun wawatesan beunang nangtukeun baheula, ulah ngarampas lahan bogana jalma pahatu,

¹¹ sabab nya PANGERAN nu bakal ngabelaan, anu baris ngadu perkara jeung maneh.

¹² Guru teh kudu digugu, regepkeun piwurukna enya-enya.

¹³ Tong asa-asa ngawarah budak, diteunggeul saeutik mah budak teh piraku paeh.

¹⁴ Neunggeul soteh saenyanan mah malah sangkan hirupna karaksa.

¹⁵Anaking, mun hidep bijaksana, Bapa teh bungah.

¹⁶Tada teuing agulna mun ngadenge ucapan hidup ngareusi.

¹⁷Ulah sirik ku nu marigawe dosa, anggur sing ajrih ka PANGERAN.

¹⁸Lamun kitu, hidup nyanghareupan mangsa anu gumilang.

¹⁹Dengekeun anak, masing bijaksana, teuleuman jalan hirup teh.

²⁰Poma ulah pipilueun jeung jalma-jalma anu barareuki teuing anggur, atawa tukang ngadedetan bae beuteung.

²¹Sabab pamabokan jeung tukang nyatu mah temahna matak malarat. Hirup ngan nyatu jeung hees bae mah alamat rudin ruwang-rawing.

²²Sing nurut ka bapa, teu ku bapa mah hidup moal aya. Sing ngajenan ka indung di mana indung geus kolot.

²³Bener, hikmah, didikan jeung pangarti, memang mahal pameulina, tapi pohara gede ajenna pikeun hidup upama dijual.

²⁴Jadi bapana jelema bener mah pantes rek ngarasa bagja oge. Anak anu bijaksana, matak agul anu jadi bapa.

²⁵Tarekahan sangkan indung bapa teh agul ku maneh. Senangkeun hate indung teh.

²⁶Lenyepkeun anak, pek piconto lampah Bapa.

²⁷ Awewe palacuran, awewe serong, ibarat senteg nu matak bahla.

²⁸ Lampahna kawas garong nu ngadodoho, ngalantarankeun loba lalaki anu henteu saratia.

²⁹ (23: 29-30) Tembongkeun ka Bapa jalma anu loba teuing nginum inuman keras da hayang ngumbar panglamunan. Ku Bapa rek ditembongkeun kaayaanana anu cilaka jeung nyiksa maneh, salilana ngan nyusahkeun bari humandeuar. Matana beureum getih, awakna aleumeur, tur padahal kituna teh bisa disingkiran ku dirina.

³⁰ (23: 29)

³¹ Jadi poma hidep ulah kagoda ku anggur inuman, sanajan warnana beureum pikabitaeun, sarta cahayana mani ngenclong, sarta rasana nimat ngageleser dina tikoro.

³² Ana isukna geus lilir, awak karasa nyareri asa dipacok ku oray matih,

³³ tetenjoan asa lalewang, teu bisa mikir, ngomong ge asa balelol.

³⁴ Rarasaan asa keur di tengah lautan, mabok laut, asa kaapungkeun kana congo tihang layar.

³⁵ Heug bae ngacaprak, magar teh, "Aya nu neunggeul ka aing. Aing aya nu neunggeulan, tapi poho deui jelemana. Iraha nya aing rek nyaring teh? Hayang nginum deui."

24¹ Ulah sirik ka nu jahat, jeung ulah hayang nyobat,

²da itikadna teh ngan arek nyusahkeun bae,
saucap-ucapna matak cilaka batur.

³Hikmah jeung pangarti teh dasar ajegna
rumah tangga.

⁴Jalma nu boga kanyaho mah kamarna
dieusi ku barang-barang anu aralus, marahal.

⁵Bijaksana leuwih utama ti batan gede
tanaga. Memang bener kanyaho teh leuwih
penting ti batan kabedasan.

⁶Kapan samemeh prung tarung teh kudu
ngararancang heula sing taliti, tur beuki loba
meunang nasehat, beuki pasti kawasna kana
baris unggul.

⁷Nu bodo mah moal ngartieun kana
omongan anu jarero eusina. Jadi lamun
dibawa badami perkara penting teh ngan
ukur bisa ngabetem.

⁸Lamun salawasna boga itikad goreng,
maneh bakal kaceluk tukang rusuh.

⁹Pangrarancang jelema gejul mah
pidorakaeun wungkul. Ka tukang cacawad
mah sarerea ge ngewa.

¹⁰Lamun maneh babari leutik hate ku
kasusahan, tetela hengkerna atuh.

¹¹Mun maneh nenjo aya jelema digusur rek
dipaehan, geuwat rebut.

¹²Meureun ceuk hate maneh eta lain urusan
aing. Tapi eta kereteg kitu teh ku Allah
kauninga, tur bakal dibalitungkeun.

¹³Anaking, pek ngadahar madu, alus eta teh. Tah, sakumaha madu tina sayang nyiruan amis karasana ku letah,

¹⁴nya kitu hikmah oge hade pikeun jiwa. Beunangkeun hikmah, tangtu hidep nyanghareupan mangsa anu gumilang.

¹⁵Ulah cara jalma jahat nu ngareka rek ngarampog jalma jujur, atawa ngagusur imahna.

¹⁶Jalma jahat mah tangtu ajur ku balahi. Sabalikna jalma jujur mah sakumaha seringna tibeubeut oge moal weleh menyat deui.

¹⁷Ulah gumbira lamun musuh cilaka, ulah bungah lamun manehna tijungkel.

¹⁸Peta maneh kitu ku PANGERAN kauninga tur teu dirujukan, boa teuing eta musuh teh ku Mantenna moal tulus dihukumna.

¹⁹Ulah jengkel atawa dengki ka jalma nu ngajuligan.

²⁰Nu jahat mah moal jamuga.

²¹Anaking, kudu sieun ku PANGERAN jeung ku raja. Ulah milu ngalawan ka Allah atawa ka raja,

²²da tangtu baris tereh tiwas. Hayang nyaho maneh rasana balahi ti Allah atawa ti raja?

²³Kieu deuih ceuk nu palinter: Salah ari hakim ukur maen sangka bae mah.

²⁴Sabab mun nepi ka jalma salah teu dihukum, hakimna tangtu pada nyapa, ku sasaha ge dipikangewa.

²⁵ Hakim nu bener nibankeunana hukuman teh ka nu salah, bakal parek rejekina sarta kawentar ngaranna.

²⁶ Jawaban anu sabalakana, tandaning sobat sajati.

²⁷ Memeh nyieun imah atawa rek imah-imah, uruskeun heula rajakaya, sangkan reugreug, aya keur tatali hurip.

²⁸ Ulah jadi saksi ngalawan tatangga teu karana sabab, atawa ngomong goreng hal dirina.

²⁹ Jeung ulah boga rasa, "Manehna ge kitu ka aing, rek dibales sing satimpal!"

³⁰ Pareng kami ngaliwat ka hiji lahan anggur bogana jelema kedul.

³¹ Mani pinuh ku ruyuk cucuk jeung daun eurih, pagerna pasolengkrah.

³² Seug ku kami kapikir, nya ieu pituahna.

Kieu:

³³ Pek kekedengan, pek sare, pek nangkeup tuur ngaso sakeudeung.

³⁴ Sabot kitu, gurudag kamalaratan narajang. Lir rampog mawa pakarang.

25¹ Ieu aya keneh siloka Suleman, anu dicutat ku ponggawa-ponggawa Raja Hiskia di nagara Yuda:

² Urang ngamulyakeun ka Allah teh ku karana hal anu ku Mantenna dirasiahkeun, ari ngamulyakeun ka raja mah ku karana hal anu ku manehna ditembrakkeun.

³Eusining manah raja ku urang moal kahontal, lir luhurna langit, lir jerona sagara.

⁴Sangkan perak bisa dijieu perhiasan anu endah, kaluarkeun heula kokotorna.

⁵Sangkan raja kaceluk adil pamarentahanana, singkirkeun heula juru-juru nasehatna nu garoreng.

⁶Di payuneun raja mah ulah medengkreng cetaan jelema penting.

⁷Mending keneh ditawaran tempat nu leuwih utama, ti batan ditimbalan pindah ti dinya, lantaran aya jelema nu leuwih penting ti batan maneh.

⁸Ulah rusuh nepikeun perkara anu katenjo ka pangadilan. Kumaha mun aya saksi anu bisa ngabuktikeun yen maneh salah?

⁹Upama maneh pareng bentrok paham jeung tatangga, beberes bae ku duaan, ulah nepi ka mukakeun rasiah nu lian,

¹⁰bisi maneh aya nu majarkeun tukang ngucah-ngaceh rasiah, matak cela saumur-umur.

¹¹Buah pikiran anu hade dikedalkeunana, ibarat hiasan emas dina perak.

¹²Panegor ti jalma anu luhung panemu sarta digugu, leuwih mahal batan cincin emas atawa perhiasan tina emas nu pangalusna.

¹³Utusan anu beunang dipercaya, matak seger kana hate nu ngutusna, saibarat citiis keur poe mentrang-mentring usum dibuat.

¹⁴ Jalma nu jangji rek barang bere tapi teu sok, ibarat mega jeung angin nu teu mawa hujan.

¹⁵ Ku ucap lemah lembut ditarung kasabaran mah najan sakumaha kuatna lawan ge tangtu pasrah, pangagung oge daek dielingan.

¹⁶ Madu oge ari ngadaharna loba teuing mah matak sebel, sing sameujeuhna bae.

¹⁷ Kitu deui nganjang, ari sering-sering teuing mah nyapekeun nu kaanjangan, tungtungna ijideun.

¹⁸ Jelema anu mere keterangan palsu hal baturna, sarua matak bahlana jeung pedang, gegendir atawa jamparing lancip.

¹⁹ Muntang ka tukang jalir waktu keur nandang pakewuh, ibarat huntu unger dipake ngegel, suku lumpuh dipake ngalengkah.

²⁰ Ngawihan jelema nu keur nalangsa, ibarat nu hayang haneut eukeur nirisan, tapi kalah ka muka baju, jeung ibarat nguyahan raheutna.

²¹ Lamun musuh maneh kalaparan bere dahar, mun halabhab bere nginum,

²² tangtu manehna bakal samar rasa ku tina erana, tur eta kahadean maneh baris meunang rahmat PANGERAN.

²³ Ngupat teh ngondang amarah, lir angin kaler anu mawa piujaneun.

²⁴ Mending nyicingan sosompang, ti batan saimah jeung pamajikan anu cerewed.

²⁵ Meunang beja hade ti hiji nagri nu jauh,
saibarat nginum citiis waktu keur garing
tikoro.

²⁶ Jalma hade anu geus biluk ka nu jahat,
ibarat cinyusu geus kiruh, ibarat sumur anu
diracun.

²⁷ Dahaar madu ari loba teuing mah teu hade.
Pamuji ge ari loba teuing mah nya kitu.

²⁸ Mun maneh teu bisa mengkek amarah,
ibarat kota bolostrong euweuh kutana, babari
ditarajangna.

26 ¹Muji jelema gejul mah teu merenah,
ibarat salju dina musim panas, lir
hujan dina musim panen.

²Panyapa nu salah larap moal teurak, ibarat
manuk galabar-geleber teu manggih keur
eunteup.

³Kuda nurutna ku pecut, kalde ku kadali, ari
nu gejul ku pepentung.

⁴Nu ngajawab pananya anu mahiwal sarua
mahiwalna jeung nu nanyana.

⁵Pananya anu mahiwal, jawab ku nu mahiwal
deui. Ku nu nanyana bakal karasaeun yen
geuning dirina teh henteu pinter sakumaha
panyangkana.

⁶Mihapekeun beja ka nu gejul, sarua jeung
neukteuk suku sorangan, nu repot sorangan
keneh.

⁷Saperti nu lumpuh ngagunakeun sukuna,
nya kitu keneh lamun nu gejul ngucapkeun
siloka.

⁸Mere hormat ka nu gejul, sarua bae jeung nalikeun batu kana bandring.

⁹Mun anu burung nyutat ucapan nu munel, moal beda ti nu mabok rek nyabut cucuk tina leungeunna.

¹⁰Ngahiras gawe ka jelema gejul anu kabeneran ngaliwat, kalah matak pusing sarerea.

¹¹Anu gejul sok mindoan kagejulanana, cara anjing malikan utahna.

¹²Leuheung keneh jelema nu pangbodona, ti batan jelema anu ngarasa pinter padahal henteu.

¹³Naon sababna anu kedul resep ngahekok di imah? Naha aya kasieunna, sugar sieuneun kerud?

¹⁴Jelema kedul karesepna galaha-gelehe di enggon, cara panto galar-gilir dina engselna.

¹⁵Aya jelema anu ku kedul-kedulna, nepi ka hoream ngahuap cape.

¹⁶Jelema kedul sok boga angkeuh leuwih pinter batan tujuh jelema anu bisa ngabela pamanggihna.

¹⁷Jalma anu sok pipilueun kana pacengkadan nu lain urusan sorangan, ibarat ngajambret ceuli anjing anu pareng liwat.

¹⁸Jeg nu edan ngamang-ngamang gobang,

¹⁹nya kitu jelema anu ngalejokeun bari majarkeun teh ngan pangangguran.

²⁰ Seuneu lamun henteu disuluhan mah pareum. Pasea lamun henteu disundutan mah eureun.

²¹ Ruhak lamun diarengan ruhay, seuneu lamun disuluhan ngagedur, pasea lamun dihucuhkeun beuki rongkah.

²² Aya ku genah ari ngadengekeun upatan! Mun kongang mah mani hayang nyamualkeun.

²³ Ngaku sono ukur biwir padahal hatena henteu, teu beda ti pariuk taneuh dipulas herang.

²⁴ Aya jalma anu pura-pura muji, padahal hatena mikageuleuh.

²⁵ Kade tong dipercaya najan pamujina genah ge, da hatena mah ngentab-ngentab ku kangewa.

²⁶ Bisa pisan nyumputkeun kangewana teh, tapi kagorenganana moal teu kapanggih.

²⁷ Anu julig ka batur tangtu cilaka ku kajuliganana sorangan, cara anu ngali gawir tangtu kaurugan.

²⁸ Ngabohongan batur sarua jeung mikangewa. Omongan jalma dengki temahna ngan nyilakakeun.

27 ¹ Ulah sok agul ku poe isuk, da moal nyaho ka nu baris kajadian isukan teh.

² Utamana dipuji teh ku batur, komo ku nu teu wawuh mah. Ulah muji maneh.

³Kasusah anu dilantarankeun ku kabodoan sorangan, leuwih beurat batan batu, leuwih ampeg batan keusik.

⁴Amarah teh bengis tur ngaruksak. Tapi sirik-pidik mah leuwih-leuwih.

⁵Leuwih hade nyawad terus terang, ti batan disangka embung malire-malire acan.

⁶Najan matak nyeri, ari ti sobat mah hade maksudna. Sabalikna lamun musuh ngarangkul, urang kudu curiga.

⁷Beuteung geus seubeuh mah madu ge embung. Sabalikna lamun eukeur kalaparan, nu pait ge asa amis.

⁸Jalma anu ninggalkeun imah, lir manuk ninggalkeun sayang.

⁹Minyak jeung seuseungitan kaangseuna seger, ari sobat dalit matak teger.

¹⁰Ulah sok poho ka sobat, kitu deui ka sobat bapa. Waktu keur meunang kasusah, teu kudu menta tulung ka dulur. Tatangga deukeut leuwih bisa nulung ti batan dulur nu jauh.

¹¹Sing bijaksana anaking, sangkan Bapa senang, jeung sangkan Bapa bisa ngajawab ka anu nyela ka Bapa.

¹²Jalma anu surti mah kana pibahlaeun teh awas, seug disingkahan. Ari nu teu boga pikiran mah noyod bae, temahna kaduhung.

¹³Pohara kabalingerna sasanggupanan rek mangmayarkeun hutang batur teh, lantaran kudu jeung wani naruhkeun sakabeh kaboga.

¹⁴ Ngawilujengkeun oge ari subuh-subuh jeung bari gogorowokan ngahudangkeun mah sarua bae jeung nyarekan.

¹⁵ Pamajikan cerewed ibarat cai nyakclakan keur ngecrek hujan.

¹⁶ Rek kumaha ngeureunkeunana? Ibarat megatan angin atawa ngeupeul minyak.

¹⁷ Budi akal datangna ti pada jalma, cara waja silih asah jeung waja.

¹⁸ Lamun tangkal hayang kadahar buahna, kudu diurus hade-hade. Lamun hayang dipikanyaah ku dunungan kudu ngesto.

¹⁹ Lir beungeut sorangan kajeueung di jero cai, diri sorangan katempo di jero hate.

²⁰ Angen-angen manusa taya beakna, lir alam kubur anu tara pinuh-pinuh.

²¹ Emas jeung perak diujina ku seuneu, ari jelema dicobana ku pamuji.

²² Nu gejul mah diteunggeulan satengah paeh ge angger bae gejul.

²³ Embe, domba, ingon-ingon, urus raksa sabisa-bisa,

²⁴ da kakayaan teh moal saendeng-endeng. Malah bangsa-bangsa oge moal langgeng.

²⁵ Ngarit jarami, ngarit jukut di lamping pasir, sabot kitu ge jarami anyar jaradi deui. Ngarit teh kudu pindah ka pasir.

²⁶ Hayang boga pakean, nyieun lawonna tina bulu domba. Hayang boga tanah, meuli. Duitna tina ladang ngajual embe.

²⁷ Embe anu sawarehna deui peres susuna, keur inumeun maneh sakulawarga, kitu deui keur badega-badega awewe.

28 ¹Nu jahat mah euweuh nu ngudag ge lumpat. Sabalikna jelema jujur mah teuneung cara singa.

²Bangsa baris kuat sarta tahan, lamun para pamingpinna palinter sarta laluhung, tapi bangsa anu dosa mah pamarentahna ngan gunta-ganti bae.

³Mun pangagung ngagencet ka nu balangsak, ibarat hujan gede anu ngaruksak pibuateun.

⁴Teu malire kana hukum, tanda mihak ka nu jarahat. Sabalikna lamun tunduk kana hukum, tangtu ngalawan ka nu jahat.

⁵Nu jahat mah teu nyaho di adil. Ari nu ngesto ka PANGERAN mah ngarti enya-enya.

⁶Malarat oge kajeun asal jujur, ti batan beunghar tapi curang.

⁷Budak ngora anu tigin kana aturan, cingcirining pinter. Tapi anu nyobat jeung anu baragajul mah tangtu ngerakeun bapana.

⁸Beunghar ku jalan ngarentenkeun jeung meres, kabeungharanana bakal ragrag ka jelema anu nyaah ka nu miskin.

⁹Nu teu tunduk kana hukum Allah, panedana oge ku Allah kacida dipikacuana.

¹⁰Sing saha nu merdaya jelema jujur sangkan nyieun kajahatan, bakal tigubrag ku

kajailanana sorangan. Jalma nu beresih tina kasalahan, tangtu baris diganjar.

¹¹ Jalma beunghar sok umangkeuh pinter. Tabeatna kitu teh ku nu miskin tapi pinter mah kamalum pisan.

¹² Mun jelema hade unggah nyekel kawasa, jelema-jelema milu suka. Sabalikna lamun nu jahat nyekel kawasa, rahayat teh ngadedempes bae.

¹³ Nu ngabunian dosa, moal jamuga hirupna. Lamun ngaku kana dosana sarta tuluy tobat, tangtu ku Allah dipikawelas.

¹⁴ Kudu sieun ku PANGERAN sapapanjangna, sangkan bagja, da ari wangkelang mah tangtu cilaka.

¹⁵ Rahayat miskin moal aya dayana lamun pangerehna jalma jahat. Eta jalma sarua ngabahyakeunana jeung singa nu guar-gaur, atawa biruang nu adar-ider neangan mangsa.

¹⁶ Pangereh anu teu boga akal sehat sok lalim kabina-bina, tapi pangereh nu mikangewa lampah curang bakal awet marentahna.

¹⁷ Jalma nu boga dosa maehan, ibarat ngali kuburan gagancangan keur ngaruang maneh. Keun antep.

¹⁸ Kudu jujur, tangtu hirup salamet, mun teu jujur, pasti tereh tijungkel.

¹⁹ Jurutani anu rajin moal kakurangan pangan. Jalma anu resep nganggur bakal malarat saumur-umur.

²⁰Jalma jujur tangtu mujur. Ari anu hayang gancang beunghar, mo luput tina hukuman.

²¹Pilih kasih teh goreng. Tapi sok aya hakim anu teu bener, lantaran kabita ku pangruruba anu teu pira.

²²Jalma sarakah mah hayang buru-buru beungharna bae, teu nyahoeun yen dirina baris malarat.

²³Terus bae elingan jelema teh, lila-lila ge narima, ti batan dialem-alem.

²⁴Majardeun teh maling ti kolot mah teu naon-naon. Padahal taya bedana ti bangsat.

²⁵Mentingkeun diri sorangan teh matak pikasusaheun. Kaayaan maneh bakal jadi pohara leuwih hadena upama maneh percaya ka PANGERAN.

²⁶Nurut kana pikiran sorangan bae teh kalangsue. Mun hayang mulus rahayu, piwulang nu palinter teh gugu.

²⁷Mere ka nu kakurangan, maneh moal kakurangan. Lamun maneh pura-pura teu nenjo ka nu balangsak, tangtu pada nyarumpahan.

²⁸Mun jalma jahat unggah nyekel kawasa, rahayat ngadedempes. Mun eta enggeus tiguling, nu balener baris nyarekel deui kawasa.

29¹Mun maneh tetep wangkelang saban-saban dielingan, dina hiji mangsa baris sangsara nya diri, moal bisa menyat deui.

²Lamun pamarentah hade, rahayatna sarenang hate. Lamun pamarentah jahat, rahayatna bakal balangsak.

³Anak nu rajin nyiar pangarti, bapa nu senang ati. Make duit geusan lacur, kalakuan anu gejul.

⁴Raja nu nyepeng kaadilan, bangsa nu baris digjaya. Raja anu ngurus bae duit, nagarana baris tumpur.

⁵Anu muji-muji babaturan, tangtu kajiret sorangan.

⁶Jalma jahat bakal kabeulit ku kajahatanana keneh. Ari nu balener mah tangtu bagja sarta laluasa.

⁷Jelema hade mah daek ngahargaan hak-hakna jalma malarat. Jelema jahat mah bororaah kitu.

⁸Jalma gumede bisa matak rusuh sanagara. Mungguh jelema binangkit mah malah nengtremkeun.

⁹Lamun jelema pinter ngadakwa jelema gejul, nu gejulna ukur nyeungseurikeun, tuluy nyarekan lamlak dasar.

¹⁰Tukang aus getih mah ka jalma jujur teh ijid. Tapi jalma-jalma anu balener, ka nu jujur teh ngabela.

¹¹Nu gejul mah ambekna sok terus budal. Jalma nu lantip mah sabar, amarahna dikemu.

¹²Lamun pangagung ngagugu kana keterangan-keterangan palsu, pajabat-pajabatna tangtu jaradi tukang bohong.

¹³Boh nu miskin boh nu ngagencetna,
duanana sarua dibere panon ku PANGERAN.

¹⁴Raja anu ngaraksa hak-hak rahayatna anu
malarat, marentahna bakal awet.

¹⁵Budak mah kudu diatik jeung dipeperih.
Mun diantep sakarepna, temahna ngerakeun
indung.

¹⁶Lamun anu jarahat jaradi pangagung,
kajahatan bakal nyebar. Tapi jalma-jalma
nu balener mah baris berekah, sarta baris
nyaksian tigulingna pangagung-pangagung
anu karitu.

¹⁷Peperih anak teh, sangkan matak agul
jeung moal nyieun hal anu matak ngerakeun.

¹⁸Bangsa anu lesot tina pingpinan Allah,
tangtu ngaco tanpa aturan. Bagja jalma anu
nyekel papagon Allah.

¹⁹Mapatahan bujang mah teu cukup ku
omong. Didengena mah didenge, ari dianggap
mah moal.

²⁰Loba keneh harepan pikeun jalma bodo,
ti batan pikeun jalma anu ngomongna teu
jeung pikiran.

²¹Lamun bujang enggeus tuman
dicumponan pamentana ti bubudak, ahir-ahir
sagala harta banda urang diaku anuna.

²²Jalma anu barangasan, sering nimbulkeun
pacekcokan jeung kaributan.

²³Angkuh teh ngalantarankeun jelema
rubuh. Ari anu rendah hate mah malah pada
ngajenan.

²⁴ Jalma anu milu ngabangsat, eta teh musuh gedena. Sabab lamun eta di pangadilan ngaku, tangtu dihukum, lamun eta mungkir tangtu disapa ku Allah.

²⁵ Rempan ku pakarepan batur teh bahaya. Utamana mah kudu pasrah ka PANGERAN, tangtu salamet.

²⁶ Sasaha ge hayang meunang piwelas ti pangagung. Tapi ari nu iasa maparin kaadilan mah ngan PANGERAN.

²⁷ Jalma anu bener teu resepeun ka nu jahat. Jalma nu jahat ge teu resepeun ka nu bener.

30¹ Ieu pitutur Agur putra Yakeh: "Kuring teh jauh ti Allah, jauh ti Allah, nu matak henteu daya teu upaya.

²Saenjana kuring teh bodo alah batan sato, henteu boga budi akal cara lumrahna manusa.

³Sim kuring tara guguru ngumpulkeun elmu, ka Nu Maha Suci luput teu aya katerang.

⁴Saha anu geus nyaho kana kaayaan sawarga? Saha anu bisa ngeupeul angin? Saha anu bisa mungkus cai ku jubahna? Saha nu geus nangtukeun wawatesan jagat? Cik saha, sugar maneh nyaho? Jeung saha anakna?

⁵Allah teh pageuh nyepeng sabda-Na. Mantenna lir tameng keur sakur anu nyalindung ka salira-Na.

⁶Poma ulah nambahkeun naon-naon kana pangandika-Na, anu ku Mantenna henteu

diucapkeun, sangkan anjeun teu disiksa lantaran kauninga bohong."

⁷ Gusti, samemeh abdi mulang ti dunya, sumeja nyuhunkeun dua perkawis.

⁸ Saperkawis tebihkeun abdi tina ngabohong. Kalih perkawis ulah dikersakeun miskin, ulah dikersakeun beunghar. Paparin sacekapna bae.

⁹ Bilih ari beunghar mah ngunghak, nyebat teu wawuh ka Gusti. Ari miskin bilih abdi maling, matak lingsem ka lenggah Allah.

¹⁰ Ulah mitenahkeun badega ka dununganana, bisi maneh ku itu disapa, heug bae nandangan lara.

¹¹ Aya jelema anu nyumpahan ka bapana, sarta ka indungna henteu ngajenan.

¹² Aya jelema anu ngarasa dirina suci, padahal kacida kotorna.

¹³ Aya jelema anu ngarasa jadi jelema anu hade, kacida hadena ceuk rarasaanana mah!

¹⁴ Aya jelema anu teu boga pisan rasrasan, meres ka nu masakat walurat, dijieun jalan pangupajiwana.

¹⁵ Lentah anakna dua, duanana bikang, duanana ngaranna "Jang aing!" Aya opat rupa hal anu tara seubeuh-seubeuh, nya eta:

¹⁶ Alam maot, awewe nu teu bisa boga anak, tanah garing nadah hujan, jeung seuneu anu keur ngabulak-bulak.

¹⁷ Jelema anu ngunghak ka bapa atawa moyok ka indung pedah geus kolot, sing

dihakanan dagingna ku heulang atawa dipacokan matana ku gagak.

¹⁸ Aya opat rupa hal anu ku kami sama sakali henteu kaharti, nya eta:

¹⁹ Jalan heulang di awang-awang, jalan oray dina batu karang, jalan kapal di lautan, jeung awewe reujeung lalaki anu eukeur mikacinta.

²⁰ Akal awewe anu serong ti salaki nya eta: Tas ngaranyed buru-buru beberesih. Ari ngakuna, "Kuring teu salah teu naon!"

²¹ Aya opat rupa hal anu ku dunya oge henteu bisa ditarima, nya eta:

²² Lamun badega jadi raja, lamun nu gejul loba hakaneunana,

²³ lamun awewe pikaijideun meunang salaki, jeung lamun babu ngalindih dunungan awewe.

²⁴ Di bumi aya opat rupa sato lembut, tapi kacida palinterna, nya eta:

²⁵ Sireum, naon tanagana, tapi ari keur halodo garetol ngumpulkeun rejeki.

²⁶ Peucang, naon tanagana, tapi ngengonna mah di jero cadas.

²⁷ Simeut, euweuh rajana, tapi ana geus ngabrus mani beres kawas diatur.

²⁸ Cakcak, gampang pisan ditewakna, parandene kitu di karaton-karaton ge aya.

²⁹ Aya opat anu leumpangna pikaresepeun, nya eta:

³⁰ Singa, panggagahna ti sakabeh sasatoan tur euweuh kasisieunna.

³¹ Embe jalu, hayam jago, jeung raja anu keur tatandang di hareupeun baladna.

³² Lamun maneh adigung jeung boga niat nyieun kagoreangan ku bawaning gejul, geuwat eureunan sarta mikir.

³³ Sabab: Manasina susu ku maneh dikocok, jadi mantega. Ari maneh ngetig irung batur mah bocor getihna. Ari nyieun piambankeun batur mah maneh cilaka.

31 ¹Ieu pitutur ti ibuna Raja Lemuel, waktu ngawurukan ka anjeunna.

Saurna,

²"Anaking, buah ati ibu beunang ibu neda-neda ka PANGERAN! Rek ngomong naon cik, ibu ka hidep teh?

³ Ulah miceunan tanaga ngalajur pangajak birahi, ulah ngawur-ngawur artos ka istri. Geus rea raja anu ragrag ku istri teh.

⁴ Regepkeun Lemuel, anaking! Raja henteu sae sedep anggur atawa katagihan arak.

⁵ Sabab ana raja mabok, lali kana hukum, ngalalaworakeun hak rahayat nu walurat.

⁶ Arak mah ngan keur nu sakarat atawa keur nu katalangsara,

⁷ sangkan poho kana kamiskinanana, paler kasedihna.

⁸ Sing bisa jadi wawakil rahayat anu teu mampuh cumarita sorangan. Tangtayungan hak rahayat nu taya daya.

⁹Pangnepikeun kapentinganana. Sing jadi hakim nu adil, kersa nangtayungan hak rahayat nu balangsak jeung walurat."

¹⁰Wanita binangkit keur pibojoeun teh langka, bangga meunangkeunana. Bojo kitu pangajina ngungkulan batu permata.

¹¹Salakina bisa numplekkeun kapercayaan ka manehna, nu matak salakina babari meunang rejeki.

¹²Ka salaki sumujud saumur hirup, moal nganyenyeri.

¹³Tara daek reureuh, ngagintir kapas atawa bulu domba, nyieun pakean.

¹⁴Ngadatangkeun rejeki, ibarat kapal sudagar ti tempat jauh.

¹⁵Subuh-subuh geus kerah-kerih, nyadiakeun dahareun keur sakulawarga, bari metakeun badega-badega awewe kana gawe.

¹⁶Ana hayang lahan geuwat bae meuli, tuluy dikebonan dipelakan anggur, binihna beunang meuli ku duit ladang beubeunangan digawena.

¹⁷Digawena rajin, taya kacape nepi ka anggeus.

¹⁸Kana barang bubuatanana bisa ngahargakeunana, dipigawena nepi ka peuting.

¹⁹Papakeanana nyieun sorangan, ti nganteh nepi ka ninunna pisan.

²⁰Ka nu walurat balabah, ka nu kekere resep mere.

²¹ Ku usum tiris teu inggis, kawantu baju haneut keur anak jeung salaki geus sadia.

²² Tilam kasur ge nyieunan. Barang pakena tina lawon lenen wungu anu lemes.

²³ Salakina jadi kawentar, jadi salah saurang warga kota anu penting.

²⁴ Sajaba ti keur pakeeun, eukeur jualeun ge nyieunan, boh papakean boh angkin.

²⁵ Awakna jagjag waringkas. Dirina kaajen, tur teu salempang ku pikahareupeun.

²⁶ Ngomongna lemah lembut, ucapanana bijaksana.

²⁷ Salilana resep kana digawe, sagala kaperluan kulawargana ditalingakeun.

²⁸ Ku anakna dihormat, ku salakina dipuji.

²⁹ Ceuk salakina, "Istri hade keur pibojoeu teh rea. Tapi Euis mah pangutamana."

³⁰ Rupa endah teu jadi andelan, kageulisan bisa leungit, tapi ari istri ajrih ka PANGERAN mah jadi pamujian.

³¹ Sagala lampah katut pagaweanana wajib dihargaan. Manehna layak dihormat ku sarerea.

Pengkhotbah

1 ¹Ieu teh sabda Ki Pandita, putra Daud,
raja di Yerusalem.

²Mubadir, mubadir, saur Ki Pandita. Hirup
teh sihoreng mubadir, saniskarana mubadir.

³Da naon atuh paedahna digawe tisusut
tidungdung saumur hirup teh?

⁴Turunan nu ieu datang, turunan nu itu
undur, sabalikna jagat mah tetep-tumetep.

⁵Bray panonpoe medal, reup panonpoe
surup, keureuyeuh malik ka urutna bijil,
karayap maju deui.

⁶Angin nyewuk ka kidul, nyewuk ka kaler,
putar-puter bulak-balik.

⁷Walungan kabeh bahena ka laut, bet laut
teu pinuh-pinuh. Caina malik mulang ka sirah
walungan, geus kitu ka hilir deui.

⁸Saniskara hal ngan matak ka cape-cape,
nyaritakeunana oge cape. Panon teu
seubeuh-seubeuh mireungeuh, ceuli teu
weleh-weleh ngadenge.

⁹Nu bareto enggeus aya engkena teh aya
deui. Nu bareto geus kasorang engkena
kasorang deui. Ana kitu di kolong langit mah
taya perkara nu anyar.

¹⁰Jadi lamun aya anu nyebutkeun, "Tah ieu
mah anyar," na enya eta teh? Da geuning

anu majar anyar teh ti baheula keneh ge, ti memeh urang gumelar geus aya.

¹¹ Kana kajadian baheula-baheula hamo aya anu inget, pon kitu jaman anu masih bakal datang moal kaingetkeun ku anu harirupna sabada jaman eta.

¹² Kami, Ahli Pikir, raja nu nyangking Israil di Yerusalem.

¹³ Kami geus gilig seja nguji jeung nalungtik sagala anu enggeus kajadian di kolong langit. Manusa mah ku Allah geus dikersakeun kudu nyorang hese cape.

¹⁴ Kami geus nyukcruk saniskara anu geus dipigawe di alam dunya. Bet geuning kabeh ge mubadir, kawas ngajaring angin.

¹⁵ Anu bingkeng taya anu bisa ngalelempeng, anu teu aya euweuh anu bisa milang.

¹⁶ Ceuk hate, "Aing teh nya agung nya pinter, leuwih ti nu sejen-sejen anu geus ti hareula jenengna raja di Israil, beunghar ku hikmah pinuh ku pangaweruh."

¹⁷ Tuluy gilig seja nalungtik naon bedana kapinteran jeung kabodoan, bedana hikmah jeung kagejulan. Anu kapanggih ku kami: Ieu oge taya bedana ti ngajaring angin.

¹⁸ Horeng jelema mah beuki pinter teh beuki loba kasalempang, beuki loba kanyaho beuki loba kahariwang.

2¹ Ceuk hate, "Cing rek ngajaran senang-senang, hayang nyaho kumaha genahna ari kasenangan teh." Horeng eta ge mubadir.

²Hal seuri geus kanyahoan gejulna, pon kitu kabungahan ge keur urang taya hadena.

³Kami nguji diri, ngajaran nyenangkeun awak ku nginum anggur, tapi tetep bari diaping ku akal budi. Seug bae nyaho caraning anu panghadena lampahkeuneun manusa di alam dunya, enggonging hirupna anu ngan sakolebatan.

⁴Kami geus nyieun pagawean anu rohaka, ngadegkeun gedong-gedong, nyieunan kebon anggur mani lalega,

⁵melakan pakebonan jeung patamanan ku sawarnaning tangkal bubuhan,

⁶jeung nyieun solokan-solokan pikeun nyaianana.

⁷Tuluy meulian badega awewe lalaki mangpirang-pirang, malah katambahan deui ku anak-anakna anu dijarurukeunana di imah kami. Ingon-ingon ge sapi jeung domba kacida lobana. Dibandingkeun jeung saha bae oge anu kungsi hirup di Yerusalem, pangaboga kami teh ngungkul an batur.

⁸Perak jeung emas di kami mani geus ngunung-ngunung, beunang ngumpulkeun tina kakayaan karajaan anu digeugeuh ku kami. Juru-juru kawih awewe lalaki purah ngabeberah hate teu kurang-kurang, geus puguh ari selir mah mangpirang-pirang.

⁹Tetela kami teh mulya, tur leuwih punjur ti saha bae anu kungsi hirup di Yerusalem, da pinter tea.

¹⁰Sagala kahayang kasorang, sagala karesep kaanteur. Hate sugema ku sagala beubeunangan teh, asa jadi ganjaran.

¹¹Seug sagala hasil pagawean teh dilenyepan, sagala hese capena dirarasakeun deui. Bet kapikir sihoreng taya hartina, euweuh pisan paedahna, kawas ngajaring angin.

¹²Turug-turug kapikir yen beubeunangan hiji raja moal leuwih ti beubeunangan raja anu saheulaeunana. Seug bae mikiran kumaha jelema nu pinter, kumaha nu bodo atawa gejul.

¹³Ih geuning: "Kapinteran mah leuwih punjur ti batan kagejulan, sakumaha caang leuwih punjur ti batan poek.

¹⁴Nu pinter mah awas kana pilampaheun, sabalikna nu gejul mah poekeun." Tapi kami maphum yen mungguh papasten mah unggal jelema ge sarua.

¹⁵Nu matak ceuk hate, "Anu karandapan ku nu gejul, ku aing ge kaalaman. Ana kitu, naon untungna atuh aing sakieu pinterna teh?" Dijawab ku sorangan keneh, "Mubadir, taya paedahna!"

¹⁶Ka nu pinter moal aya anu terus nginget-ningget, ka nu gejul pon kitu keneh, kabeh ge bakal pada kapopohokeun. Boh nu pinter boh nu bodo, kabeh oge bakal paraeh.

¹⁷Mana kami mah geuleuh kana hirup teh, da atuh anu karandapan teh ngan susah

jeung susah bae. Mubadir kabeh, kawas ngajaring angin.

¹⁸ Geuleuh kami mah kana sagala hasil pagawean beunang kami tisusut tidungdung teh, da bakal kacangking ku batur anu jadi gaganti kami engke.

¹⁹ Turug-turug saha anu nyaho, naha pijelemaeunana teh nu bijaksana atawa nu gejul. Nu geus puguh mah beubeunangan tina hasil kabijaksanaan kami di alam dunya teh bakal beunang ku manehna. Mubadir deui bae.

²⁰ Ngingetkeun ka dinyana mah buntu wae harepan kana sagala hasil usaha beunang sosen-sosen di alam dunya teh.

²¹ Da geuning beunang perih itikurih bari ngetrukkeun kapinteran katut pangaweruh jeung pangabisa teh tungtungna mah kop ku batur, anu sama sakali teu milu dina hese capena. Nya mubadir nya salah!

²² Naon mangpaatna atuh digawe ngadukduk saumur hirup bari pinuh ku kasalempang teh?

²³ Beunang digawe saumur hirup teh hasilna mah ngan kajuwet jeung kahanjeluan, nepi ka ti peuting ge pikiran teh teu weleh ngabarungsinang. Estu mubadir!

²⁴ Anu matak jelema mah panghadena teh geus bae nyatu nginum, beubeunangan usaha teh pake senang-senang. Tapi papadaning kitu ge kami eling, yen sanajan rejeki ge asalna mah ti Allah keneh.

²⁵Cik, saha jelemana anu bisa lubak-libuk ku dahareun atawa bisa senang-senang, lamun henteu direjekian ku Mantenna?

²⁶Kapan boh hikmah jeung pangaweruh, boh kasenangan, dipaparinkeunana ku Allah teh ka jelema anu dipikaseneng ku Mantenna. Tapi ari nu baroga dosa mah ku Mantenna disina digarawe nareangan rejeki jeung ngumpulkeun hasilna baris diserenkeun ka jalma anu ku Mantenna dipikaseneng. Jadi eta kabeh ge mubadir, kawas ngudag angin.

3¹ Sagala perkara di dunya aya waktuna. Naon bae anu kajadian di kolong langit boga dawuhna.

²Aya waktuna lahir, aya waktuna maot. Aya waktuna melak, aya waktuna ngala.

³Aya waktuna mergasa, aya waktuna nyageurkeun. Aya waktuna ngaruag, aya waktuna ngadegkeun.

⁴Aya waktuna susah, aya waktuna bungah. Aya waktuna nguyung, aya waktuna igel-igelan.

⁵Aya waktuna mikacinta, aya waktuna henteu mikacinta. Aya waktuna ngarangkul, aya waktuna henteu ngarangkul.

⁶Aya waktuna papanggihan, aya waktuna kauculan. Aya waktuna nyimpen, aya waktuna miceun.

⁷Aya waktuna ngabedahan, aya waktuna ngaput. Aya waktuna ngajejempe, aya waktuna nyarita.

⁸Aya waktuna mikanyaah, aya waktuna mikangewa. Aya waktuna perang, aya waktuna kerta.

⁹Méunang naon manusa tina sagala pagaweanana teh?

¹⁰Kami nyaho, urang teh sarerea ge ditibanan kabeubeurat ku Allah.

¹¹Sagala hal oge ku Mantenna enggeus diatur waktuna. Urang ku Mantenna dipaparin hate panasaran hayang nyaho kana perkara nu tacan datang. Ngan orokaya urangna jadi teu sugema, da teu dikersakeun timu kana sagala pangersa Mantenna.

¹²Mana ceuk kami, lampahkeuneun urang meungpeung hirup keneh teh taya deui lian ti sing senang-senang, salian ti usaha sakuat-kuat.

¹³Urang dahar nginum bae kabeh, beubeunangan usaha teh pake senang-senang, da kapan eta teh rahmat ti Allah.

¹⁴Kami nyaho, sagala rupa anu dipidamel ku Allah teh langgeng salilana, ku urang hamo bisa ditambahan atawa dikurangan. Ari Allah mana ngadamel kitu teh supaya urang boga kasieun ku Mantenna.

¹⁵Sagala rupa anu enggeus kajadian, pon kitu anu bakal kajadian, saenyana geus aya ti tatadina. Jadi sagala anu enggeus kajadian teh ku Allah dipindo deui, dipindo deui.

¹⁶Aya deui anu kabireungeuh ku kami, yen di kolong langit mah ari aya pangadilan jeung kaadilan teh geus tangtu aya kajahatan.

¹⁷Ceuk kami sajeroning hate, "Behna mah boh nu jahat boh nu bener, kabeh ku Allah baris diterapan hukum adil, sabab sagala perkara, sagala kalakuan, eta teh geus puguh waktuna."

¹⁸Kami yakin Allah teh seja ngadoja ka manusa, supaya manusa nyaraho yen dirina teh taya leuwihna ti sato.

¹⁹Sabab nya manusa nya sato nasibna sarua bae. Manusa bakal paeh, sato bakal paeh, kawantu pada mahluk keneh. Jadi manusa teh teu leuwih punjul ti sato, hirupna sarua mubadirna.

²⁰Duanana ngajugjug ka tempat anu sahiji, asal tina lebu, marulangna deui oge kana lebu.

²¹Cik, saha anu bisa mastikeun maneh yen nyawa manusa mah unggah ari nyawa sato mah turun ka jero taneuh?

²²Jadi pikeun manusa mah anu panghadena teh taya deui lian ti ngararasakeun nimatna beubeunangan barang gawena. Rek kumaha deui atuh? Da manusa mah taya petana nyaho bakal kumaha ari geus paeh.

4¹Heug deui kami nenjo aya aniaya di kolong langit. Murubut cipanon jalma-jalma anu dikaniaya, mana taya pisan

anu ngabelaan, kawantu anu nganiayana teh jelema-jelema anu nyarekel kakawasaan.

²Kami jadi sirik ka nu enggeus mararaot, nu geus taya di kieuna, maranehna mah leuwih bagja ti batan anu harirup keneh.

³Komo anu teu kungsi dijuru-jurukeun acan mah kacida baragjana teh, teu kungsi ngalaman kateuadilan di alam dunya.

⁴Jeung ku kami geus kaharti naon sababna jelema-jelema paropohoan malar usahana hasil. Taya lian ti sirik, kabita ku batur. Ieu oge mubadir, ibarat ngajaring angin.

⁵Majar teh jelema gejul anu ngan nanangkeup harigu bae mah, ngadadago paeh kalaparan.

⁶Nya bisa jadi kitu. Tapi saenyana sanajan kaboga ngan saeutik oge, ari tiis pikir mah matak leuwih bagja ti batan tihothat paciweuh ngajaring angin.

⁷Aya deui laku lampah di kolong langit anu ku kami kapanggih taya gunana.

⁸Aya jelema anu hirupna nyorangan, teu anak teu dulur tapi teu eureun-eureun barang gawe, teu kalis ku enggeus beunghar. Na keur saha usaha popohoan kitu nepi ka poho ka diri sorangan teh? Ieu oge mubadir, hirup teh nepi ka nyiksa maneh.

⁹Digawe duaan leuwih hade ti batan sorangan, leuwih babari hasil.

¹⁰Mun anu saurang labuh tangtu ditulungan ku anu saurang deui, dihudangkeun. Coba

mun sorangan mah ana labuh teh cilaka temen, da euweuh anu pinulunganeun.

¹¹ Atuh dina keur tiris ari duaan mah mun sare bisa silih haneutan. Coba mun sorangan, bororaah!

¹² Jeung ari duaan mah leuwih kuat nadah lawan ti batan sorangan. Tali tilu rara kapan hese dipegatkeunana.

¹³ (4: 13-14) Teu mustahil aya jelema anu tadina miskin, atawa anu tadina dipanjara, tuluy jadi raja di nagarana. Tapi lamun dina ka kolotnakeun embung narima nasehat batur awahing ku gejul, nasibna saenyana leuwih goreng ti batan budak ngora anu miskin tapi pinter.

¹⁴ (4: 13)

¹⁵ Kami sok mikiran jalma-jalma nu hirup di ieu dunya. Tetela aya hiji jajaka anu engkena bakal ngandih kalungguhan raja.

¹⁶ Teu mustahil rahayat anu diparentah ku raja teh lobana mangpirang-pirang. Tapi lamun raja geus tilar dunya, rahayat taya saurang-urang acan anu nganuhunkeun kana jasana. Mubadir, ibarat ngajaring angin.

5 ¹ Lamun indit ka Bait Allah, masing iatna nya lengkah. Lamun ka dituna kalawan niat diajar, eta leuwih hade ti batan mere kurban tapi cara nu garejul, anu teu bisa ngabedakeun mana nu hade mana nu goreng.

² Lamun aya unjukeuneun pikir heula samemeh pok, jeung ulah gampang-gampang

ngucapkeun kaul ka Allah. Mantenna mah di sawarga, anjeun mah di dunya, unjukan teh ulah leuwih ti saperluna.

³ Beuki loba kasalempang beuki loba impian goreng, beuki loba ucapan beuki loba ngucapkeun omongan bodo.

⁴ Jadi lamun boga kaul ka Allah geuwat laksanakeun, sabab Mantenna teu resepeun ka jelema anu gejul. Nu matak ari geus jangji kudu bukti.

⁵ Leuwih hade entong kaul, ti batan kaul tapi henteu ditedunan.

⁶ Ucap-ucapan teh ulah nepi ka ngalantarankeun anjeun jadi dosa, anu ahirna kapaksa kudu waleh ka payuneun utusan Allah yen anjeun teh salah harti. Naha atuh ucap-ucapan teh matak pibendueun Allah, nepi ka Mantenna kudu ngaruksak bubuatan anjeun?

⁷ Sanajan sakumaha seringna oge anjeun ngalamun, sakumaha seringna oge digawe mubadir, atawa sakumaha lobana oge anjeun ngomong, kudu tetep sieun ku Allah.

⁸ Lamun anjeun nenjo pamarentah ngagencet ka kaum miskin, henteu mere kaadilan jeung teu kersaeun nguruskeun hakna, henteu kudu heran. Unggal pangagung diauban ku nu saluhureunana, tapi eta oge duanana diauban ku anu saluhureunana deui.

⁹ Malah raja oge masih keneh bae kudu gumantung kana hasil panen.

¹⁰ Mun anjeun mata duiteun, salawasna ge moal ngarasa cukup. Jeungna deui sanajan beunghar ge kahayang mah moal kacumponan kabeh. Eta kabeh ge mubadir.

¹¹ Sabab beuki beunghar beuki loba sungut parabaneun. Minangka untungna teh sakadar nyaho yen beunghar.

¹² Talungananan nu buburuh, najan daharna boa cukup boa henteu, tapi ari hees mah tibra. Sabalikna anu beunghar, lubak-libuk ge mindeng henteu bisa hees da melang ka bandana anu loba.

¹³ Aya anu matak ngarenjag anu kasaksi ku kami di ieu dunya: Jelema teu eureun-eureun ngumpulkeun duit, sangkan ari perlu kari make.

¹⁴ Ana heug bet meunang musibat, duitna ledis beresih, boro-boro nyesa keur anak.

¹⁵ Urang mulang ti ieu dunya teh mo beda ti waktu keur datang, ngaligincing, harta beunang popohoan ngusahakeun teh hamo kabawa.

¹⁶ Teu adil ieu teh! Bet urang teh datang lengoh mulang lengoh. Barang gawe ibarat ngajaring angin, naon hasilna?

¹⁷ Sapanjang hirup urang teh ngararampa di nu poek, susah hate, salempang, jengkel jeung gering.

¹⁸ Jadi ceuk kami, keur manusa mah anu panghadena teh nya dahar jeung nginum, beubeunangan usaha teh pake

senang-senang, da boga umur ti Allah teh pondok, kawantu geus kitu papasten manusa.

¹⁹Mun hiji jelema ku Allah dibere kamakmuran jeung harta banda, tur diidinan nganimatanana, kudu ngarasa sukur sarta nganimatan sagala hasil gawena. Eta teh rahmat ti Allah.

²⁰Ku sabab ku Allah diwidian senang, najan nyaho yen umur teh pondok, moal pati jadi pikir teuing.

6 ¹Kami nyaho di dunya teh aya kajadian
anu kacida teu adilna.

²Aya jelema anu ku Allah dibeungharkeun, luhur harkatna loba bandana, sakur anu dipikahayang kabogaan. Ari heug bet henteu diparengkeun ngarasa nimatna, kalah ka anu sejen anu metik nimatna teh. Atuh beunghar ge cumah, tur henteu adil eta teh!

³Teu mustahil aya anu boga anak nepi ka saratus sarta umurna panjang. Tapi keur naon ari teu karasa genahna mah. Heug teh deui ana paeh dikuburna henteu sapantesna. Ceuk kami mah mending keneh orok udul.

⁴Sabab ari orok udul mah datangna mubadir, iangna teu kanyahoan, nya tuluyna mah dipopohokeun.

⁵Orok anu kitu memang teu kungsi-kungsi acan nenjo caangna beurang, teu kungsi nyaho hirup teh kumaha, tapi sahenteuna geus pinanggih jeung kareureuhan.

⁶Nya mending eta ti batan jelema nu tadi mah, anu hirupna teu kungsi meunang kanimatan, najan umurna upamana nepi ka dua rebu taun oge. Da tungtungna mah duanana oge sarua datangna teh ka tempat nu eta.

⁷Jelema digawe teh keur ngaulaan beuteung, kitu ge weleh teu ngarasa cukup.

⁸Naon atuh leuwihna nu binangkit ti anu gejul? Naon deui paedahna jelema miskin anu hade lampahna?

⁹Cumah bae, ibarat ngudag angin. Mana sing tarima ku nu geus aya, ulah hayang leuwih loba.

¹⁰Sagala rupa enggeus lila ditangtukeun diatur yen kudu kitu, sarta urang nyaho yen moal aya jalma anu bisa ngalawan ka nu leuwih kuat.

¹¹Beuki ngalawan beuki mubadir, moal matak leuwih genah.

¹²Na saha atuh anu nyaho kumaha kuduna nu panghadena ari jelema, enggonging hirupna anu nya ngan sakeudeung nya mubadir teh, anu ukur ngolebat kawas kalangkang? Na saha anu nyaho ti ayeuna baris kumaha engke ari geus paeh?

7 ¹Mending oge ngaran seungit ti batan seuseungitan anu marahal. Poean ajal leuwih hade ti batan poean wedal.

²Mending indit ka nu kapapatenan ti batan ka nu hajat, malak mandar urang teh anu

hirup keneh eling, yen umur urang oge didago-dago ku ajal.

³ Mending nalangsa ti batan suka, najan matak surem parangi tapi matak tambah nyaring pikir.

⁴ Anu sok meleng kana kabagjaan bae mah gejul. Nu lantip mah tara mopohokeun paeh.

⁵ Mending diweweleh ku nu lantip, ti batan dipuji ku anu gejul.

⁶ Jelema gejul seurina teh ibarat cucuk kaduruk, merepet taya hartina.

⁷ Jalma lantip anu ngabobodo, eta pohara gejulna. Pacuan daek nampa panyogok, matak ruksak ahlak.

⁸ Ahir tina hiji perkara leuwih hade ti batan ngamimitianana. Mending sabar ti batan gumede.

⁹ Kudu bisa ngadalian amarah, sabab barangasan mah tabeat jelema gejul.

¹⁰ Kade ulah nanya, "Naha nya baheula mah jaman teh leuwih hade ti batan ayeuna?" Nanya kitu teh belegug.

¹¹ Hirup teh kudu boga hikmah. Boga hikmah mah sarua jeung boga pusaka,

¹² sarta sarua jeung boga duit, matak aman pipikiran. Komo deui untungna lamun boga kanyaho kana hikmah, matak salamet hirup.

¹³ Dadamelan Allah teh lenyepaneun. Cik, saha anu bisa ngalempengkeun anu ku Allah geus dibingkengkeun?

¹⁴ Kabagjaan tarimakeun ku rasa sukur, kasusahan tarimakeun ku rasa eling yen boh kasusah boh kabagjaan, eta teh kersaning Allah. Saestuna manusa mah moal bisa nganjang ka pageto.

¹⁵ Dina hirup kami anu mubadir tea kami nenjo anu saperti kieu: Jelema nu bener laku lampahna bet tiwas, ari nu jahat tetep bae hirup.

¹⁶ Jadi, ulah hade-hade teuing, ulah bijaksana-bijaksana teuing. Rek maehan maneh?

¹⁷ Sabalikna jahat teuing ulah, gejul teuing ulah, na kitu hayang paeh memeh mangsa?

¹⁸ Singkiran eta teh duanana, ditarung ku rasa sieun ku Allah, tangtu mulus sagala panglaku.

¹⁹ Jalma saurang tapi boga hikmah, bisa ngungkulon kamampuh sapuluh jelema anu marentah kota.

²⁰ Di dunya moal aya jelema anu bener sapapanjangna teu kungsi milampah salah.

²¹ Ulah sok openan ka omong batur, boa teuing anjeun oge keur diupat ku badega sorangan,

²² tur anjeun tangtu rumasa yen anjeun oge sering ngupat ka nu lian.

²³ Eta sagala perkara ku kami diuji ku kapinteran. Nya eta, kami teh ari pinter hayang, kahontal mah henteu.

²⁴ Na saha atuh jelemana anu nyaho kana hartining hirup? Moal kateuleuman ku jero-jerona, moal katepi ku pangarti.

²⁵ Tapi kami leukeun diajar jeung nyiar kanyaho, hayang meunangkeun hikmah, hayang bisa ngajawab pananya hate, hayang nyaho kumaha jahatna jeung kumaha gejulna ari kabodoan teh.

²⁶ Kami manggihan hal anu leuwih getir ti batan pati, nya eta: awewe. Cinta awewe mah ngeurad, ibarat heurap atawa tataheunan. Ngarangkulna teh ibarat rante nu rek ngabarogod. Nu baris karingkus teh jelema dosa, ari anu tuhu ka Allah mah moal beunang.

²⁷ Hal ieu, saur Ahli Pikir, kapanggihna ku kami saeutik-saeutik sajeroning keur neangan pijawabeun tea.

²⁸ Kami teu manggih deui pijawabeun lian ti eta. Tina sarebu, ngan manggih saurang lalaki anu pantes diajenan, tapi ti awewe mah teu manggih saurang-urang acan.

²⁹ Walhasil ngan ieu pamanggih kami teh: Dipidamelna ku Allah mah urang teh wajar jeung basajan; jadi ruwet pajurawet soteh ku urang sorangan.

8¹ Ngan jelema anu lantip anu bisa ngarti kana sagala perkara. Kalantipan teh ngabearkeun parangi, ngajauhkeun camberut.

²Estokeun timbalan raja, tapi ulah gampang-gampang ngedalkeun kaul ka Allah.

³Raja mah sagala wenang. Anu matak urang sing jauh ti payuneunana, ulah ngadeukeutan tempat anu sakitu matak bahlana.

⁴Raja mah sagala tindakanana reujeung kawasa, sakersana moal bisa dipungpang.

⁵Sapanjang urang ngesto kana timbalanana tangtu salamet. Jelema anu lantip mah nyaho kumaha kuduna, jeung iraha waktuna ngalampahkeunana.

⁶Sagala rupa oge dilampahkeunana teh kudu ninggang dina mangsana, keuna kana carana. Orokaya urangna, kanyaho teh ngan saeutik pisan.

⁷Moal aya saurang-urang acan anu nyahoeun ka nu bakal kajadian, tur moal aya anu bisa ngabejaan.

⁸Moal aya saurang-urang acan anu bisa nyandet atawa ngulur-ngulur waktu pipaeheun. Moal aya anu bisa sumingkir tina hal eta najan diakalan kumaha oge.

⁹Ieu kabeh kanyahoan ku kami sajeroning mikiran kajadian-kajadian di ieu dunya. Di dunya mah geuning aya sawatara jelema anu nyarangking kawasa, ari nu sejenna sangsara ku lantaran kakawasaan maranehna.

¹⁰Kami geus nenjo jelema-jelema jahat dikalubur, ku nu marulang tas nguburkeun teh kalah ka diparuji tur di lemburna pisan,

tempat nu jarahat tea nyarieun kajahatan.
Estuning mubadir!

¹¹ Naon sababna jelema-jelema
garampangeun bae nyieun kajahatan
teh? Nya meureun, da kajahatan teh teu
buru-buru dihukum.

¹² Atuh nu jarahat teh laluasa, da migawe
kajahatan ratusan kali ge salamet bae. Euh
enya, aya anu ngomong kieu, "Mun maneh
sieun ku Allah tinangtu mulus rahayu.

¹³ Nu jahat mah moal jamuga, hirupna teh
ibarat kalangkang, bakal paeh ngora-ngora,
lantaran teu sieun tea ku Allah."

¹⁴ Tapi ieu teh mustahil. Geura pek tengetan
kajadian di alam dunya: Geuning sok aya
jelena hade bet nandangan hukuman anu
kuduna ditibankeun ka jelena anu jahat,
ari anu jahatna kalah ka meunang ganjaran
hancengan jelena nu hade tea. Ceuk kami ge
mubadir.

¹⁵ Nu matak kami mah yakin jelena teh kudu
nyenangkeun maneh, dahar, nginum, jeung
nyenangkeun awak, da ngan sakitu-kituna
kasenangan hirup mah. Sahenteuna, kitu-kitu
bae mah meureun bisa sajeroning susah
payah di alam dunya teh, sapanjang hirup
paparin ti Allah ka dirina.

¹⁶ Unggal kami nyoba-nyoba hayang pinter
ambeh nyaho kana kajadian-kajadian di
dunya, hasilna teh kieu: Najan mikir beurang
peuting,

¹⁷ angger bae teu ngarti-ngarti ka anu dipidamel ku Allah teh. Sakumaha diulikna ge taya petana kateuleuman. Nu palinter ge ngan ngakuna bae nyaho soteh, nyahoeun mah henteu.

9 ¹ Nya lila nya bangga mikiran hal eta teh. Seug bae ngarasa yen polah jelema palinter jeung balener teh, kitu deui kanyaah jeung kangewana, kabeh aya dina cangkingan Allah. Taya nu bisa nyaho naon nu bakal kasanghareupan teh.

² Saurang ge taya bedana, sarua pada keuna ku papasten anu sarua, nu jahat, nu bageur, nu hade, nu goreng, nu nyekel agama, nu henteu, nu mere kurban, nu henteu. Nu hade taya leuwihna ti nu doraka, nu ngangkat sumpah taya bedana ti nu henteu.

³ Kabeh jelema papastenna sarua. Tah nya ieu pisan nu mawa apes kana sagala kajadian di dunya teh. Sapanjang hirupna pikiran jelema teh pinuh ku rupa-rupa kadorakaan jeung paniatan anu garelo, nyaho-nyaho hos paeh ngadadak.

⁴ Tapi sing saha anu kaasup kana mahluk hirup, eta aya keneh harepan. Sabab mending keneh anjing hirup ti batan singa paeh.

⁵ Nu hirup mah nyaho yen bakal paeh. Ari nu paeh mah teu nyaho naon-naon, geus taya pangajina, geus les kapopohokeun.

⁶Kanyaahna, kangewana, timburuna, kabeh kabawa paeh, moal bisa cumarita deui dina sagala anu kajadian di dunya.

⁷Anu matak mending bek dahar, pek geura senang-senang, leguk inum anggurna, geura sukan-sukan, da ku Allah ge diridoan.

⁸Sing senang, sing gumbira sapapanjangna.

⁹Enggonging ngalakonan hirup anu mubadir teh hirup paparin ti Allah tea pek pake senang-senang jeung pamajikan. Poe-poe anu mubadir teh anggur pake ngabagjakeun awak, sabab ngan eta buruhna tina hese cape.

¹⁰Naon anu dipigawe, pigawe enya-enya, da ari geus paeh mah moal bisa obah-obah acan, moal bisa mikir, moal aya kanyaho, moal pinter. Pasti kasorang eta teh engke.

¹¹Aya deui anu kasaksi ku kami: Di dunya mah nu tarik lumpatna ge tara salawasna meunang balap. Nu gede wawanen tara salawasna unggul tarung, anu pinter tara salawasna bisa nyiar kipayah, anu encer uteukna tara salawasna bisa beunghar, anu boga kamampuh tara salawasna meunang pangkat luhur, kawantu aya apesna masing-masing.

¹²Manusa taya nu nyaho kana papastenna. Ibarat manuk anu kajiret ku tataheunan, ibarat lauk anu karungkup ku heurap, urang oge nyaho-nyaho geus kacerek ku apes.

¹³Aya nu ku kami kasaksi, conto alus ngeunaan anggapan jelema kana kapinteran.

¹⁴Aya hiji kota leutik, jelemana ge saeutik, diperangan ku hiji raja anu gagah. Eta raja geus ngepung rek ngamimitian ngagempur kuta.

¹⁵Di dinya teh aya hiji jelema miskin, kacida pinterna. Ku kapinteranana manehna bisa nyalametkeun eta kota. Tapi manehna taya pisan anu malire.

¹⁶Ceuk kami mah kapinteran teh ngungkulan kagagahan. Tapi kapinteran Ki Miskin teh bet taya anu malire, ucap-ucapanana taya anu ngabandungan.

¹⁷Padahal ti batan ngadengekeun hahaokna hiji pangereh ka anu garejul, mending ngadengekeun pituah anu leuleuy ti anu pinter.

¹⁸Sabab kapinteran teh leuwih seukeut batan gobang. Sabalikna nu doraka mah najan ngan saurang ge matak ruksak saniskara anu hade.

10¹Ku bangke laleur sahiji minyak seungit sabotol bau kabeh. Ku kagejulan anu teu pira, tarekah ti nu pangpinterna ge bisa gagal.

²Jalma pinter mah sagawe-gawena teh tangtu bener. Ari jalma gejul mah gagaweanana ge teu puguh. Geus lumrahna kitu,

³kagejulanana ku jalma saliwat ge
bakal kanyahoan. Kaciri gejulna teh tina
kalakuanana keneh.

⁴Ari diambek ku nu kawasa, ulah terus
menta eureun digawe. Ku sabar mah
kasalahan gede ge sok dihampura.

⁵Kami geus nyaksian hiji kateuadilan anu
dilantarankeun ku para pangereh,

⁶jalma bodo dibere nyekel kakawasaan, ari
jalma beunghar diluli-luli.

⁷Kami kungsi nenjo jalma-jalma beulian
tarumpak kuda, ari pangagung laleumpang
cara jalma beulian.

⁸Nyieun cubluk matak tigebrus, ngabongkar
tembok matak digegel oray,

⁹digawe di pangalian batu matak kabentur,
meulah kayu matak kagencet.

¹⁰Kampak mintul nu tara diasah, mkena ge
kudu sataker tanaga. Nu matak ge samemeh
prak digawe kudu dipikiran heula carana.

¹¹Taya gunana boga jampe ngalilindeuk oray
ge ari geus kapiheulaan dipacok mah.

¹²Ucap-ucapan jelema lantip nungtun kana
dihormat, ari biwir anu gejul mah matak
nyilikakeun dirina sorangan,

¹³ari ngong ngomong ari ngaco, dina
tungtungna gejulna nataku.

¹⁴Nu gejul mah sok ngeceblek. Taya jalma
anu nyaho bakal aya kajadian naon engke,
jeungna deui taya anu bisa ngabejaan bakal
aya kajadian naon sanggeus urang paeh.

¹⁵ Jalma anu bodona katotoloyoh nepi ka teu nyaho jalan ka imah, hirupna teh kalah ka cape.

¹⁶ Cilaka nagara, lamun rajana budak kamari, lamun para pamingpinna sapeuting jeput ngan sukan-sukan.

¹⁷ Bagja nagara, lamun rajana pageuh kana putusanana, lamun para pamingpinna dalaharna puguh dina waktuna, jeung daraek nyaleser diri sarta nyegah kana mabok.

¹⁸ Jalma anu ku kedul-kedulna nepi ka sangeuk menerkeun kenteng-kenteng acan, imahna teh bocor bae, lila-lila ambrug pisan.

¹⁹ Pesta matak gumbira, cianggur matak hegar. Tapi duanana ge ari teu ku duit mah moal kasorang.

²⁰ Ka raja mah ulah nyawad, najan ngan diharewoskeun ge ulah. Ka nu beunghar ulah nyempad najan di pangkeng sorangan ge, bisi kadenge ku cakcak, heug bae diucah-aceh.

11 ¹Pilukeun duit maneh kana usaha batur sina golang, tan wande mere untung.

²Pelak modal di sababaraha tempat, malah mun bisa mah melak modal teh sing loba, geusan ngajaga dina bancang pakewuh, anu datangna moal kanyahoan.

³Tangkal rubuhna teh nurutkeun ka mana condongna. Mega mendung ari geus ngagarayot mah cur bae jadi hujan.

⁴ Lamun arek pepelakan ngadadago heula angin jeung musim bae mah atuh rek iraha bisa cebna, panen-panen pimanaeun.

⁵ Allah ngadamel sagala rupa, ku urang moal kaharti maksad-Na, cara urang hamo ngarti kumaha jabang bayi di jero kandungan bisa ngamimitian hirup.

⁶ Arek pepelakan mah ceb, ceb bae rek isuk rek sore oge, da moal ngarti ieuh urang mah kumaha pijadieunana, naha baris alus kabeh, atawa nu mana nu bakal leuwih montok.

⁷ Mutuh ku alus bisa ngararasakeun genahna beurang nu caang teh.

⁸ Tarimakeun hirup urang teh sataun-sataunna. Tapi sing inget, najan sakumaha lilana waktu hirup di alam dunya, waktu di alam maot mah leuwih lila deui. Jadi taya gunana hayang nyaho ka mangsa engke.

⁹ Barudak! Umur ngora teh rarasakeun nimatna. Sing galumbira meungpeung keur ngora. Tedunan sagala kahayang, ayunkeun kabeh karesep. Ngan kudu aringet, sagala kalakuan maraneh teh engke baris dipariksa ku Allah.

¹⁰ Ulah ngukut kabingung, ulah miara kasusah, da moal ngora saumur-umur.

12¹ Ku sabab eta meungpeung keur ngora, kudu eling ka Anu nyipta maraneh, meungpeung tacan nincak kana umur anu matak ripuh anu matak ngarasula, "Hirup teh teu ngarasa bagja!"

²Geus nepi ka kitu mah panonpoe, bulan, bentang-bentang, katembongna asa surem, asa mendung saendeng-endeng.

³Leungeun paranti nakis bahaya geus liliarieun, suku keker beuki hengker, huntu kari saeutik jeung geus teu bisa dipake meuweung, panon geus lamur.

⁴Ceuli geus kurang denge, sora ti jalan mah komo teu hawar-hawar acan. Sora panggilingan, sora anu kakawihan, geus mehmehan teu kadenge. Tapi ari keur sare ku sora manuk ge kageuingkeun.

⁵Ka tempat nu luhur-luhur asa lewang asa paur, leumpang araringgis, buuk geus bodes camutmut, mawa awak ge disesered, sagala kahayang leungit. Tuluy ngajugjug ka panungtungan bari diceungceurikan sapanjang jalan.

⁶Rantay perak bakal pegat, lampu emas bakal tiguling, bakal peupeus, tali timba bakal ngajemprung, gentong bakal bencar.

⁷Jasad mulang jadi deui lebu, roh mulang ka Allah anu maparin.

⁸Mubadir, mubadir, saur Ahli Pikir, kabeh mubadir.

⁹Tapi ku sabab Ahli Pikir teh bijaksana, teu weleh-weleh ngawurukkeun pamanggihna ka bala rea, jeung ngulik siloka-siloka bari diuji eusi-eusina.

¹⁰Ahli Pikir geus ihtiari milih ucapkeuneun
anu matak genah, seug dituliskeun, sarta
dituliskeunana teh saestuna.

¹¹Pitutur jalma-jalma bijaksana teh saibarat
iteuk anu lancip paranti ki pangangon nuyun
domba-domba, sarta gunggungan siloka-
siloka teh lir paku anu nanceb pageuh. Eta
kabeh paparin ti Allah, hiji-hijina pangangon
nu ngangon urang.

¹²Masing iatna bae hidep teh, anaking! Moal
aya tungtungna nulis buku teh, ari ngulik
popohoan teuing matak ruksak awak.

¹³Minangka panutup, sarupa deui bae
ucapkeuneun teh: Sing sieun ku Allah,
estokeun sagala timbalana-Na, da pangna
Mantenna ngadamel manusa oge kitu maksud
pangersa-Na.

¹⁴Sagala lampah urang boh hade boh
goreng, najan anu rikip buni ge baris
dipariksa ku Allah.

Kidung Agung

1 ¹ Kidung anggitan Suleman. Endah taya papadana.

² Wanoja: Hayang teuing abdi ku engkang diambahung, kadeudeuh engkang langkung nimat ti batan anggur.

³ Wawangen engkang raraos seungitna, jenengan engkang lir lisah seungit nyambuang. Wanoja mana nu ku engkang teu kagembang.

⁴ Cik atuh abdi teh iwat, duh sembahana abdi, candak lebet ka kamar, bari dipapag ku bagja, bakal jojoh nyacapkeun kasono. Wanoja mana nu ku engkang teu kagembang.

⁵ Leuh wanoja-wanoja Yerusalem, hideung oge kuring teh geulis, hideung siga kemah urang Kedar, endah siga lalangse-lalangse karaton Suleman.

⁶ Tong ditelek-telek hideungna, kawantu kuring mah tuman kapoe, tur jadi purah tada carek dulur-dulur, purah tunggu kebon anggur, awak teh geus teu kaurus.

⁷ Duh panutan cik wartosan, di mana engkang nya ngangon, di mana ngaubkeun domba-domba ari sonten? Na abdi milarian engkang teh kedah ngaprak ka tengah kumpulan domba anu lian?

⁸Nonoman: Leuh bentangna wanoja, karah teu uninga tempatna? Sae tuturkeun bae tapak domba-domba, pilari sampalan keur embe-embe enung caket kemah-kemah tarukang ngangon.

⁹Jungjunan, enung lir ibarat kuda bikang anu narik kareta raja Mesir.

¹⁰Rambut enung aya ku endah, tinggilisir kana damis, ngarumbay kana tenggek lir ranggeuyan mutiara.

¹¹Engke enung dipangnyieunkeun kangkalung emas, ditarapang ku perak.

¹²Wanoja: Sang raja ebog dina bale-bale, seuseungitan pake abdi kaangseu angin-anginan.

¹³Barang gabrug anjeunna kana harigu, kaangseu salirana seungit emur.

¹⁴Anjeunna lir ranggeuyan kembang pacar, anu beukah di kebon anggur di Engedi.

¹⁵Nonoman: Ku geulis enung, jungjunan, soca enung ngenclong ku cahaya cinta!

¹⁶Wanoja: Ku kasep engkang teh, panutan, engkang teh estu pikaresepeun abdi! Kangge ebog, tuh katilna jukut hejo anu ngampar.

¹⁷Keur minangka tihang bumina kai kiputri. Keur minangka lalangitna tangkal camara.

2¹Abdi mah mung ukur kembang alas ti Saron, kembang bakung ti lengkob gunung.

²Nonoman: Enung ibarat bakung di rungkun cucuk, pangmencrangna ti para wanoja.

³Wanoja: Dibanding sareng nonoman lian, panutan abdi lir tangkal jeruk di leuweung kakayon. Abdi betah ngiuhan handapeunana, buahna kalintang amisna.

⁴Ku anjeunna kuring dicandak kana pestana, diumbul-umbulan ku kageugeutna.

⁵Cik pulihkeun bayu kuring ku kismis, segeran ku jeruk, kawantu kuring keur lanjung nandangan wuyung.

⁶Sirah kuring disangkeh ku panangan kiwana, panangan tengenna pageuh ngarangkul.

⁷Wanoja-wanoja Yerusalem, aranjeun kudu jarangji, sumpah demi uncal anu rikat jeung demi uncal bikang ulah rek ganggu kana kacinta kuring jeung anjeunna.

⁸Wanoja: Ngeng kadenge gentra panutan, anjeunna eukeur ka dieu, lumpat ngambah pagunungan, ngaluncatan pasir-pasir rek neang kuring.

⁹Lumpatna tinanding uncal bikang, rikat lepas kawas uncal jalu. Tuh geus aya luareun kuta, nempo tina kisi-kisi, tempong gurilap socana luareun jandela.

¹⁰Anjeunna ngagentaan ka kuring. Nonoman: Ka dieu atuh, enung! Sumping atuh ka engkang, jungjunan!

¹¹Musim ngijih geus kasilih, musim hujan geus kaliwat.

¹²Di tepis wiring kekembangan barareukah, jalma-jalma tinghaleuang; di tegalan tikukur patingarengguk.

¹³Buah kondang geus arek arasak, hawa meleber ku seungitna kembang anggur. Ka dieu atuh, enung! Sumping atuh ka engkang, jungjunan!

¹⁴Enung ibarat japati, nu keur nyumput dina gowok batu karang. Engkang hayang neuteup endahna raray enung, hayang nguping sora enung nu halimpu.

¹⁵Urang ngepung ajag, ajag-ajag leutik, bisi ngaruksak pelak anggur urang anu eukeur karembangan.

¹⁶Wanoja: Jungjunan kuring teh anu kuring, diri kuring anu anjeunna. Anjeunna ngangon dombana di antara kembang bakung,

¹⁷tugur nepi ka bray beurang, nepi ka poek kasilih ku caang. Geura mulih, panutan, masing rikat kawas uncal bikang, masing gancang lir uncal jalu di pagunungan Beter.

3 ¹Saban peuting, ari di ranjang geus sare, anjeunna kaimpi bae, kaimpi keur diteangan, weleh teu kapanggih bae.

²Diaprap saluluar kota, dilongok ka jalan jeung jajahan, disusul ka lulurung, haben bae diteangan, tapi lebeng teu kapanggih.

³Anggur tepung jeung nu ngaronda, ku kuring ditanya, "Manawi pendak sareng panutan kuring?"

⁴Tapi henteu lila ti harita, ana gok teh anjeunna kapanggih. Gabrug dirangkul tipepereket, henteu dilesotkeun deui, tuluy diajak ka bumi ibu, sup ka pangkeng tempat kuring dijurukeun.

⁵Wanoja-wanoja Yerusalem, aranjeun kudu jarangji, sumpah demi uncal anu rikat jeung demi uncal bikang, ulah rek ganggu kana kacinta kuring duaan.

⁶Wanoja: Naon itu anu mumbul ti lebah gurun, jiga haseup ngebun, tur kasawur ku seungit dupa jeung emur, sarupaning seuseungitan dagangan para sudagar?

⁷Leuh geuning Suleman, sumping nitihan jampana, dikawal ku genep puluh prajurit, prajurit-prajurit petingan Israil,

⁸kabeh oge jago ulin pedang, ahli jurit tukang tarung, masing-masing nyoren pedang, taki-taki tina bahlaning peuting.

⁹Raja Suleman nitihan jampana, tina kai kelas hiji,

¹⁰tihang-tihangna dilakop perak, tiungna disulam emas, babantalna disarungan lawon wungu, endah lemes beunang ninun putri-putri Yerusalem.

¹¹Heuy, wanoja-wanoja Sion, yap nongton Raja Suleman. Anjeunna nganggo makuta, ibuna ku anjeun nu nerapkeunana, dina poean rendenganana, poe kabagjaanana.

4¹Nonoman: Ku geulis enung, jungjunan! Soca enung sakitu dicindung, tempong

cureuleuk nyengcelak. Rambut ombak-ombakan lir embe-embe keur tarurun ti pasir-pasir Gilad.

²Waos enung bodasna tinanding domba-domba anu nembe dimandian tas dicukuran, pepek jangkep beres roes, taya cocengna.

³Lambey enung beureum lir rara sakelat, ana emut sasauran ku lucu matak tibelat. Damis enung ngalangkang jeroeun cindung.

⁴Tenggek enung mulus lir munara Daud, rantuyna kangkalung enung sarupi sarebu kepeng nu ngagarantung.

⁵Pinareup lir dua uncal bikang, uncal kembar nu keur nyaratuan di tegal bakung.

⁶Engkang rek ngarereb di pasir emur, di pasir menyan, tepi ka bray beurang, poek kasilih ku caang.

⁷Ku geulis enung, jungjunan; estu taya kuciwana!

⁸Yap enung panganten, jeung engkang urang miang ti Pagunungan Libanon, urang sareng ti Libanon. Yap lungsur ti puncak Gunung Amana, ti Gunung Senir jeung ti Gunung Hermon, tempat singa reujeung kerud.

⁹Paneuteup enung, duh rayi panganten, katut kangkalung na tenggek enung, geus ngabandang hate engkang.

¹⁰Kadeudeuh enung ka engkang, estu nimat karaosna, duh enung, rayi panganten. Kacinta enung karasana langkung nimat ti batan

anggur, seuseungitan enung langkung leleb ti
batan wawangian lianna.

¹¹ Lambey enung semu amis lir madu, ilatna
nyakclakan susu jeung madu. Raksukan
nyebarkeun seungitna Gunung Libanon.

¹² Kakasih engkang rayi panganten, ibarat
taman tutupan, nu dikikis sakuriling, lir
cinyusu nu dipager.

¹³ Pinuh ku pepelakan, lir pakebonan dalima,
nu buahna pangeunahna. Kitu deui kembang
pacar, akar wangi,

¹⁴ jahe, koneng, tiwu, kayu manis, kitu deui
rupa-rupa menyan. Emur, kayu garu, jaradi
di dinya, katut rupa-rupa wawangian nu
pangseungitna.

¹⁵ Cinyusu ngaburial nyaian eta kebon, kitu
deui susukan, ngagolontor ti Pagunungan
Libanon.

¹⁶ Wanoja: Hudang, he angin kaler, angin
kidul, tiup kebon kuring, sina nyambuang
seungitna. Muga-muga kakasih kuring
sumping ka kebonna, sarta nuang bubuahan
nu pangeunahna.

5 ¹ Nonoman: Enung, rayi panganten, ieu
engkang datang ngalanglangan taman,
mupu emur, ngala dupa, nguyup madu,
ngadahar para nyiruan, nginum anggur,
nguyup susu. Wanoja-wanoja: Batur-batur
nu keur gandrung, geura dalahar leueut
sawaregna, nepi ka giung ku cinta!

²Wanoja: Ari mondok, hate mah teu weleh nyaring, ngimpi panutan ngetrokan panto. Nonoman: Buka panto enung, jungjunan, pupuan ati, japati engkang, ieu engkang, sirah cipruk ku ciibun, buuk kulimis ku cireumis.

³Wanoja: Kumaha da parantos cucul-cucul, naha kedah dangdos deui? Suku parantos beresih, naha kedah kokotoran deui?

⁴Panutan kuring nyekel kana gagang panto, hate mani ratug dumeh anjeunna deukeut.

⁵Kuring ngojengkang arek mangmukakeun anjeunna. Leungeun dibalur ku emur, ramo diolesan ku minyakna, kolotrak ngalaan tulak.

⁶Bray panto dibuka, rek ngabageakeun. Har, anjeunna geus teu aya. Hanas geus sono kana soantenna! Ku kuring diteangan, tapi teu kapanggih, digeroan taya waleranana.

⁷Kuring kapanggih ku nu keur ngararonda kota, malah terus diteunggeulan mani raraheut, karembong oge disosoech ku nu ngajaraga kuta.

⁸Wanoja-wanoja Yerusalem, aranjeun kudu jarangji, lamun pareng patepang sareng kakasih kuring, pangwartoskeun yen kuring kagegeringan.

⁹Wanoja-wanoja: Nyai, bentangna para wanoja, kakasih Nyai teh memangna benten ti nu sanes? Naon luar biasana teh, nepi ka kuring sarerea kudu jangji?

¹⁰Wanoja: Kakasih kuring teh nya kasep nya gagah, mencil sahiji tina salaksa.

¹¹Rarayna lemes sarta marahmay, rambutna panjang ombak-ombakan, hideung meles ngabangbara.

¹²Socana jeg japatni nu eunteup di sisi susukan, lir japatni beunang ngamandian ku cisusu, eunteup sisi walungan.

¹³Damisna saendah taman, nu pinuh ku tangkal ubar-ubaran reujeung samara. Lambeyna lir kembang bakung, anu leucir ku minyak emur.

¹⁴Pananganana mutuh sampurna, nganggo lelepen anu aya permatana. Salirana lir tina gading, anu dipasieup ku batu nilem.

¹⁵Wentisna lir tihang marmer anu napak dina tatapakan emas. Anjeun mutuh nya agung, lir Gunung Libanon, pinuh ku kiputri nu laluhur.

¹⁶Mun dicium tea mah lambeyna bangun amis, sagalana matak kabungbulengan. Tah kitu kakasih kuring teh, he wanoja-wanoja Yerusalem!

6 ¹Wanoja-wanoja: Di lebah mana ngilesna panutan teh, leuh bentangna para wanoja? Ka lebah mana angkatna, kuring sadaya seja mantuan neangan.

²Wanoja: Angkatna mah ka kebonna, ka petakan wawangian, kersana sumeja ngangon bari metik kembang bakung.

³Nya anjeunna panutan ati, ieu kuring kakasihna. Ngangonna teh lebah dinya, di antara kembang bakung.

⁴Nonoman: Ku geulis enung jungjunan, sarupi jeung Yerusalem, sari rasmi sarupi jeung kota Tirsa, matak rumenghap nu ningal lir ningal eta dua kota anu agung.

⁵Gilerkeun soca enung ka palih ditu, paneuteupna ngabandang engkang. Rambut ombak-ombakan lir embe-embe keur tarurun ti pasir-pasir Gilad.

⁶Waos enung bodasna tinanding domba-domba anu nembe dimandian tas dicukuran, beres roes pepek jangkep, taya nu coceng.

⁷Damis enung ngalangkang jeroeun cindung.

⁸Keun bae raja mah rea geureuhana ge, prameswari genep puluh, parekan dalapan puluh, mojang herang pirang-pirang.

⁹Ari nu dipikacinta ku kuring mah ngan hiji, nu geulisna lir jpati putra tunggal ibuna anu pang dipikanyaahna pamujian para istri, malah dialem ku prameswari, ku parekan kitu deui.

¹⁰I tu saha nu ngagebray tanding pajar, mani ngempray tanding bulan, mancurna tanding sang surya?

¹¹Kuring datang ka kebon kanari, ngalanglang tutuwuhan anu keur marentik di lengkob, ngaroris sirung anggur, jeung ngilikan dalima nu karembangan.

¹² Engkang teh ngadegdeg, nataku sonona ka enung, lir kusir kareta perang nu hayang geura prung tarung.

¹³ Wanoja-wanoja: Cobi ngibing, cobi ngigel, leuh mojang Sulam, bade ditongton ku kuring sadaya. (6-14) Wanoja: Naha bet harayang ningal kuring ngigel di antara barisan panongton?

7 ¹ Nonoman: Duh ku agung, enung teh terah linuhung. Sampean mutuh ku sieup tur payus nganggo selop. Bitis lir jaksi sajantung, lir beunang masieup seniman.

² Udel lir cacangkir cekong moal bahe anggur nu jadi eusina. Lambut lir tumpukan gandum diriung ku kembang bakung.

³ Pinareup siga uncal sakembaran, siga uncal bikang papasangan.

⁴ Tenggek lir munara gading, soca lir empang di kota Hesbon deukeut gapura eta kota gede. Pangambung lir munara Libanon anu nanjeur neuteup ka Damsik.

⁵ Mastaka dangah lir Gunung Karmel, rambut ririakan, cahayaan, lemes lir sutra, kaendahanana sanggup ngunduh jajantung raja.

⁶ Ku manis enung, ku geulis! Sugri pangemat cinta, di enung nyampak sadia.

⁷ Salira lampanyat lir tangkal korma, pinareup lir ranggeuyan buahna.

⁸ Eta korma engke arek ditaekan arek diunduh buahna. Pinareup enung lir rantuyan

buah anggur. Seungit napas enung, seger lir serengna jeruk.

⁹Baham enung saibarat cianggur petingan. Wanoja: Saupama kitu, eta anggur baris ngocor ka panutan baris nyegeran lambeyna baris maseuhan waosna.

¹⁰Da kuring anu anjeunna, nu teu kendat mikatineung.

¹¹Mangga panutan, urang iang ka padesan, urang ngendong di tegalan,

¹²ngarah enjing-enjing pisan bisa ningalian pelak anggur, parantos marentik atawa tacan, kembangna parantos beukah atawa tacan. Kitu deui dalima, parantos pentilan atawa tacan. Tah di dinya, abdi sumeja ngalayanan kacinta engkang.

¹³Engke ku engkang kaangseu seungitna tangkal arak katut bubuhan nu raraos, parantos aya caket panto, nu anyar sareng nu parantos lami, kenging abdi nyimpen haturan engkang, jungjunan!

8 ¹Leuh, mun seug engkang teh lanceuk teges, anu sami-sami nginang ka pun biang! Meureun saban patepang di jalan najan ku abdi dirangkul, moal aya nu nyela.

²Heug ku abdi teh dipontel, diajak mulih, ngarah abdi ku engkang diwulang perkawis cinta. Engkang dihaturanen leueuteun, manisan anggur sareng cai dalima.

³Bari engkang nanggeuy sirah abdi ku tangan kiwa, tangan nu tengen ngusapan.

⁴ Wanoja-wanoja Yerusalem, aranjeun kudu jarangji, ulah rek ganggu, kana kacinta kuring duaan.

⁵ Wanoja-wanoja: Saha ieu wanoja nu sumping ti gurun keusik, pakaleng-kaleng jeung kageugeutna? Wanoja: Di handapeun tangkal apel, tilas engkang kapungkur dibabarkeun, engkang ku abdi digeuingkeun.

⁶ Hate engkang ulah dibuka iwal pikeun abdi. Tong kantos ngarangkul wanita lian, iwal ti ka diri abdi. Cinta teh bedas lir malakalmaot, geter birahi teh rosa lir ajal pati. Ana eta parantos hurung, nguntab-nguntab lir muntabna seuneu.

⁷ Geus hamo kalis ku cai, mo kaceot ku walungan. Jalma nu wani-wani meuli cinta ku dunyabarana, geus tangtu dilelewéan.

⁸ Dulur-dulur nyi mojang anu lalaki: Adi urang lanjang leutik budak keneh, susuna ge acan ngeusi. Rek kumaha peta urang ka manehna, samangsa aya nu ngalamar?

⁹ Upama eta teh kuta, urang adegan munara perak, upama eta teh panto, urang tulakan make tulak kai kiputri.

¹⁰ Wanoja: Ieu kuring teh kuta, susu kuring lir munarana. Panutan kuring yakin, yen lamun jeung anjeunna, tangtu kuring bakal bagja.

¹¹ Nonoman: Suleman kagungan kebon anggur di Baal Hamon. Disewakeun ka para

patani, sewaanana masing-masing sarebu uang perak.

¹²Suleman nampa uang sewa sarebu-sarebu, kacoceng ku mere untung ka nu nyarewa masing-masing dua ratus. Kebon anggur kuring mah kuring sorangan anu ngurus.

¹³Enung, ieu rerencangan engkang, ceulina mani rarancung, pada-pada hayang nguping sora enung ti jero taman.

¹⁴Wanoja: Enggal engkang, geura gasik-gasik sumping, masing rikat tinanding uncal bikang, gancang cara uncal jalu ngora, lungsur ti gunung nu pinuh ku tangkal samara.

Yesaya

1 ¹Ieu kitab eusina dawuhan-dawuhan Allah ngeunaan nagara Yuda jeung Yerusalem, anu diwahyukeun ka Yesaya putra Amos jaman eta nagara diparentah ku Raja Usia, Raja Yotam, Raja Ahas, jeung Raja Hiskia.

²PANGERAN ngadawuh, "Eh bumi jeung langit, darengekeun ieu dawuhan Kami. Barudak anu ku Kami digedekeun geus ngalawan ka Kami.

³Sapi wawuheun ka anu bogana, kalde ingeteun dibawa nyatuan ka mana ku dununganana. Eta leuwih harideng ti batan umat Kami Israil, anu henteu nganyarahokeun ka Kami."

⁴Cilaka maneh eh bangsa anu doraka, eh jalma-jalma anu garoreng jeung jarahat! Maraneh bakal ngarempseyek katindihan ku dosa-dosa! Maraneh nampik ka PANGERAN Allah Israil anu suci, geus mariceun.

⁵Ku naon ngan ngaralawan bae? Harayang dihukum anu leuwih keras? Eh Israil, sirah maneh geus pinuh ku borok, hate jeung pikir teu waras.

⁶Awak saluluar tina sirah nepi ka dampal suku geus teu aya anu walagri, barisul, carenang, baroleksek. Borok-borok maneh can diberesihan, can dibulenan, can diubaran.

⁷ Nagara maneh geus ruksak, kota-kotana jadi lebu. Tanah direbut ku batur, eusina diburak-barik, maneh ngan bisa nenjokeun.

⁸ Tinggal Yerusalem, tapi eta ge enggeus kakepung, geus taya hahalangna, kawas saung di kebon anggur, kawas pondok di kebon bonteng.

⁹ Cacak lamun PANGERAN Nu Maha Kawasa teu kersa nyesakeun sawatara urang sina salamet, tangtu Yerusalem oge geus tumpur cara Sadumu jeung Gomora.

¹⁰ Eh Yerusalem, kalakuan rahayat maneh, jeung kalakuan anu karawasa, teu beda ti kalakuan urang Sadumu jeung Gomora. Dengekeun ieu timbalan PANGERAN Nu Maha Kawasa, regepkeun piwulang-Na.

¹¹ Dawuhana-Na, "Marukan Kami rek kabita ku kurban-kurban maraneh? Kami ge boga domba, leuwih loba ti batan anu diduruk ku maneh dikurbankeun ka Kami. Gemukna ge leuwih alus ti batan gemuk sato-sato anu ti maneh. Kami geus seubeuh teuing ku getih sapi, getih domba, jeung getih embe.

¹² Dititah ku saha maneh mawa tanda bakti anu karitu ka Kami teh? Dititah ku saha maneh nincakan Bait Kami?

¹³ Teu guna maneh mawa pangabakti oge. Kami ijid kana bauna eta beubeuleuman maneh! Kami ijid kana Pesta Bulan Anyar, kana Sabat, jeung kana kumpulan-kumpulan

ibadah maneh, lantaran geus kalampud ku dosa maneh.

¹⁴Kami geus ijid kana eta Pesta Bulan Anyar jeung kana hari-hari besar maraneh, ngabangbaluhan bae Kami, nyapekeun.

¹⁵Kami arek ngabalieur lamun maraneh nadahkeun doa. Rek ngadaroa sakumaha rosana ge ku Kami moal ditolih. Sabab maraneh nadahkeun leungeun anu lamokot ku getih.

¹⁶Beresihan heula diri. Eureunan kalakuan anu doraka teh. Eureun nyieun dosa,

¹⁷lampahkeun anu bener. Usahakeun sangkan kaadilan terap. Belaan anu sangsara. Belaan hakna budak pahatu. Tangtayungan randa-randa."

¹⁸PANGERAN nimbalan, "Hayu urang padukeun. Maraneh teh geus lestreng ku dosa, tapi ku Kami rek disina bodas beresih. Najan dosa maneh nepi ka beureum kawas getih, bakal jadi bodas kawas kapas.

¹⁹Lamun narurut ka Kami, sagala pibagjaeun nu aya di ieu tanah ku maraneh tangtu kapetik.

²⁰Sabalikna lamun teu narurut, cilaka, tangtu dibasmi. Kitu timbalan Kami, PANGERAN."

²¹Kota anu bareto sakitu satiana teh kalakuanana geus kawas dayang! Bareto eusina teh jelema-jelema anu balener, ari

ayeuna ngan tinggal jalma-jalma tukang maehan.

²² Eh Yerusalem, bareto maneh teh ibarat perak, ayeuna mah geus teu hargaan. Bareto mah saibarat anggur hade, ayeuna mah cai biasa bae.

²³ Para pamingpin anu aya di maneh ayeuna kabeh tukang rusuh, ngabaturna ka penjahat, darolog kana panyogok, lalapar ku pangruruba. Di pangadilan cadu nulung ka nu pahatu, paliyas nyoreang ka pangaduan randa-randa.

²⁴ Ku sabab kitu dengekeun ieu timbalan PANGERAN Nu Maha Kawasa, Allah Israil, "Maraneh musuh Kami, ku Kami arek dibales supaya ulah musingkeun bae.

²⁵ Kami arek meta. Maraneh arek dimurnikeun sina beak karahana, sina leungit kokotorna,

²⁶ rek dibere deui pamingpin-pamingpin jeung juru-juru nasehat anu hadena kawas nu ti heula-heula. Mun geus kitu Yerusalem bakal disebut kota ibadah, kota anu satia."

²⁷ Ku sabab PANGERAN mah adil, kersaeun nyalametkeun Yerusalem katut sakabeh anu tarobat.

²⁸ Sabalikna anu daroraka jeung ngalawan, ku Mantenna tangtu ditundung, ditumpes.

²⁹ Maraneh bakal kaduhung geus nyarembah ka tatangkalan jeung nyieun kebon-kebon anu husus pikeun dewa-dewa.

³⁰ Maraneh bakal ngarangrangan cara tangkal karamat anu geus rek paeh, lir kebon teu meunang cai.

³¹ Lir kalakay bisa beak ku seuneu saenyay, jalma-jalma anu karawasa tea oge bakal beak ku kadorakaanana sorangan, moal aya anu bisa ngeureunkeun ruksakna.

2¹ Ieu timbalan Allah, anu didawuhkeun ka Yesaya putra Amos, perkara Yuda jeung Yerusalem:

² Engke ka hareup, gunung tempat Bait Allah ngadeg bakal muncul pangluhurna, mucunghul ngaluhuran pasir-pasir, bakal kasaba ku loba bangsa.

³ Rahayat eta bangsa-bangsa bakal silih ajak: "Hayu urang naranjak ka pasir, pangcalikan PANGERAN, urang ka Baitna Allah Israil. Engke urang ku Mantenna diwulang pilampaheun, sangkan napak kana jalan pituduh-Na. Sabab piwulang PANGERAN teh datangna ti Yerusalem, ngandika-Na ka umat-Na teh ti Sion."

⁴ Mantenna bakal memeres perkara bangsa-bangsa galedé. Maranehna bakal ngarobah pedangna jadi wuluku, tumbakna dijieu arit. Bangsa-bangsa moal perang deui, moal tatahar perang deui.

⁵ Eh turunan Yakub, hayu urang nyorang jalan anu caang panuduhan PANGERAN!

⁶ Nun Allah, Gusti parantos miceun umat ku anjeun, turunan Yakub. Tanahna pinuh ku

tukang sihir ti wetan sareng ti tanah Pelisti.
Rahayatna biluk kana adat bangsa batur.

⁷ Tanahna pinuh ku emas perak, harta sisimpenanana teu aya watesna. Kudana kacida seueurna, kareta perangna parantos henteu kaetang.

⁸ Tanahna pinuh ku brahala, maranehna nyarembah kana barang buatanana sorangan.

⁹ Kabehanana bakal direndahkeun jeung dihinakeun. Nun PANGERAN, mugi ulah dihampura maranehna teh!

¹⁰ Maranehna bakal maribus ka guha-guha di gunung-gunung cadas, atawa ngarali liang nyinkiran PANGERAN anu keur bendu, nyinkahan pangawasa jeung kamulyaana-Na.

¹¹ Hiji waktu katakburan jeung kaangkuhan manusa bakal eureun, dibasmi. Ngan PANGERAN anu bakal diagungkeun.

¹² Dina waktu eta PANGERAN Nu Maha Kawasa bakal ngarendahkeun sakur anu aragung, anu aradigung.

¹³ Tangkal-tangkal kiputri di Libanon anu laluhur, kitu deui tangkal-tangkal kiara di tanah Basan ku PANGERAN bakal dibasmi.

¹⁴ Gunung-gunung nu laluhur kitu deui pasir-pasir bakal diratakeun jeung taneuh.

¹⁵ Kitu deui munara-munara anu laluhur jeung sakabeh kuta puri benteng.

¹⁶ Malah kapal-kapal anu panggaledena jeung pangalusna ge bakal dikarem-karemkeun.

¹⁷ (2: 17-18) Katakaburan manusa bakal eureun, kaadigungan bakal dibasmi. Brahala-brahala bakal beak. Dina waktu eta ngan PANGERAN anu bakal diagungkeun.

¹⁸ (2: 17)

¹⁹ Jalma-jalma bakal nyarumput di guha-guha di gunung-gunung cadas, atawa ngarali liang nyinkiran PANGERAN anu keur bendu, nyinkahan pangawasa jeung kamulyaana-Na, mangsa Mantenna rawuh seja ngoyagkeun jagat.

²⁰ Dina waktu eta jalma-jalma bakal ngalung-ngalungkeun brahala-brahala tina perak jeung emas bubuatanana sorangan, sina diruksak ku beurit cantung jeung lalay.

²¹ Lamun PANGERAN geus sumping rek ngoyagkeun jagat, jalma-jalma bakal nyarumput kana guha-guha di gunung-gunung cadas nyinkiran PANGERAN anu keur bendu, nyinkahan pangawasa jeung kamulyaana-Na.

²² Nu matak ge ulah sok sumender ka manusa. Bisa naon manusa mah!

3 ¹Gusti, PANGERAN Nu Maha Kawasa, ayeuna geus rek ngarampas sakur anu jadi harepan urang Yerusalem jeung urang Yuda. Mantenna geus meh ngarampas bahan dahareun, cai,

²para pahlawan, prajurit-prajurit, hakim-hakim, nabi-nabi, tukang-tukang ramal, ahli-ahli nagara,

³angkatan perang, para pamimpin sipil, ahli-ahli politik, jeung tukang-tukang jampe.

⁴Urang dinya sina diparentah ku barudak tanggung.

⁵Maranehna bakal silih incer kana piuntungeun. Barudak moal hormat ka saluhureun, kuricakan moal serabeun ku anu baroga pangkat.

⁶Bakal aya waktuna baraya maksa baraya, sangkan jadi kapala ngapalaan pada baraya, pokna, "Urang keur kacida susahna. Tapi anjeun baju-baju bae mah boga, anu matak pek kapalaan baraya urang."

⁷Tapi ceuk anu dititahna, "Embung! Kuring bisa naon? Kuring oge teu beas, teu baju. Ulah kuring kapala mah!"

⁸Nya cilaka Yerusalem! Yuda nya kitu, keur sakarat. Sagala ucap jeung lampahna ngalawan ka PANGERAN. Ngagogoreng ka PANGERAN geus teu dipinding-pinding deui.

⁹Panerka-panerkana anu goreng natrat katara dina ulatna. Dosana geus teu disumput-sumput, geus cara dosa urang Sadumu. Tangtu bakal carilaka, karingkus ku dosana.

¹⁰Ngan anu balener anu pisenangeun teh. Eta mah dina sagala perkara babari, sagala pagaweanana mulus hasilna.

¹¹ Cilaka nu goreng lampah, bakal karingkus ku kajahatanana.

¹² Umat kami pada neungteuinganan ku tukang ngarinjeumkeun duit, diperes ku anu ngaharutangkeun. Eh umat kami, maraneh teh dibawa sasar ku para pamingpin, nepi ka geus teu nyaraho jalan mana anu bener.

¹³ PANGERAN geus sayagi muka perkara, seja mutus urusan umat-Na.

¹⁴ Para kokolot jeung para kapala umat-Na dibawa ka pangadilan, tuluy ku Mantenna didakwa kieu, "Maraneh ngarampogan kebon anggur. Imah maraneh pinuh ku barang-barang beunang nyokotan ti nu mariskin.

¹⁵ Maraneh teu wenang meres ka umat Kami, teu meunang macikeuh kaom miskin. Kitu timbalan Kami, PANGERAN Nu Maha Kawasa."

¹⁶ PANGERAN ngadawuh, "Awewe urang Yerusalem kacida garum edena. Leumpangna mani darangah, bari gular-giler maen mata. Ngalengkah diaced-aced semu ditenjrag-tenjragkeun ngarah geulang-geulang dina mumuncanganana tingkirincing.

¹⁷ Ku Kami rek dihukum, rek digundulan sina lalenang."

¹⁸ Bakal aya waktuna, barang-barang kaagulan awewe urang Yerusalem ku PANGERAN dirampas: Perhiasan-

perhiasanana, kayaning gengge suku,
sasrangengean tarang, kongkorong,

¹⁹jeung geulang. Kitu deui cindungna,

²⁰tiungna, jeung jimat peletha anu sok
diparake dina leungeunna jeung dina
cangkengna,

²¹cingcin ramona, anting irungna,

²²pakean midangna, erokna, mantelna,
rajut peperenianana,

²³pakean jerona, saputanganna,
karembongna, jeung kukudungna anu
tinggarebay.

²⁴Urut awak sarareungit jadi bau, urut
diarangkin sutra jadi dibaleubeur ku lulub,
urut buuk aralus jadi garundul, urut dangdan
pipidangan jadi marake bubututan, urut
gareulis jadi garoreng patut matak era.

²⁵Pangeusi eta kota, najan anu panggagahna
kabeh bakal tiwas ku perang.

²⁶Panto-panto kota bakal tinghareung
humarurung, kotana ge pijadieun lir awewe
anu emok cameot dina taneuh awakna
sataranjang.

4 ¹Dina mangsa eta awewe tujuhan bakal
marebutkeun lalaki hiji. Cararekna,
"Dahar pake abdi teh moal nyesahkeun,
dapon kersa bae akang jadi salaki. Mangga
abdi pihukum, parantos teu kiat ku kaisin teu
gaduh bae salaki."

²Pidatangeun mangsa pepelakan jeung
tatangkalan di ieu tanah ku PANGERAN

dikersakeun alus jadina, nya galede nya laluhur. Sakabeh urang Israil anu masih saralamet bakal sarugema ku hasil pepelakanana.

³Unggal jalma di Yerusalem anu ku Allah geus ditangtukeun salamet, bakal disebut suci.

⁴Eta bangsa ku Pangeran bakal dihakiman kalawan kakawasaan, dimurnikeun.

Yerusalem bakal diberesihkeun tina sagala kasalahan jeung rereged getih anu geus ngocor di dinya.

⁵Gunung Sion jeung sakur anu karumpul di dinya, mun ti beurang ku PANGERAN bakal dipayungan ku mega, mun ti peuting bakal dicaangan ku cahaya anu ngempray. Sakuliah kota bakal diauban ku kamulyaan Allah.

⁶Kamulyaan Mantenna bakal jadi iuh-iuh eta kota sangkan henteu kapentrang ku panas, jadi tempat anu aman, paranti nyalindung ari hujan jeung angin ribut.

5¹Kaula boga hiji lagu, eusina nyaritakeun sobat kaula jeung kebon anggurna. Darengekeun, ku kaula rek dikawihkeun: Sobat kaula kagungan hiji kebon anggur, di hiji pasir nu subur.

²Taneuhna geus diririduh, geus dipiceunan batuna. Binih anggurna nu panghadena. Ngadamel saung pikeun tutunggon, ngadamel bak pameresan, ngantos buahna arasak. Ari pek buahna haraseum.

³Saur ki sobat, "Eh urang Israil jeung urang Yuda! Coba kami jeung ieu kebon anggur titenan mana nu salah.

⁴Naha sugar kami salah migawena? Ku naon ieu anggur teh bet haraseum kieu, mencog tina panyangka?

⁵Ayeuna maksud kami, perkara ieu kebon anggur rek diruksak bae, sina diranjah dileyek ku sato leuweung. Pagerna rek dicabutan, tembokna arek dibongkar.

⁶Sina dilindih ku eurih, pepelakanana moal dipangkas, kebonna moal dikored, sina pinuh ku cucuk jeung jukut hama. Malah mega ge ku kami rek dicegah ulah sina ngahujanan."

⁷Eta kebon anggur teh Israil, kagungan PANGERAN Nu Maha Kawasa. Ari tangkal anggurna nya eta Yuda. Kahoyong-Na maranehna teh sing balageur, sing balener kalakuan. Tapi kalah ka sakarep-karep, nepi ka korbanna tingjarerit.

⁸Cilaka maraneh! Haben mareulian imah jeung tanah sakitu geus boga loba. Moal lila deui ge rahayat mah geus moal aya anu boga tempat, tinggal maraneh caricing sorangan di ieu tanah.

⁹Kaula geus ngadenge PANGERAN Nu Maha Kawasa ngadawuh kieu, "Eta imah anu galedé teh bakal karosong.

¹⁰Pelak anggur di kebon anu legana sapuluh hektar, hasilna ngan jadi lima liter cai anggur.

Tina saratus liter bibit, hasilna ngan sapuluh liter gandum."

¹¹ Cilaka maraneh! Isuk-isuk ari hudang ari gep kana inuman. Peutingna kitu keneh, ngarinum nepi ka peuting datang ka marabok.

¹² Ari sukan-sukan tara tinggal ti tatabeuhan, kacapi, genjring, jeung suling, tapi kana padamelan PANGERAN mah teu awas.

¹³ Ku sabab kitu maraneh bakal arindit digiring jaradi tawanan. Kapala-kapala maraneh bakal sakarat kalaparan, rahayat biasa bakal paraeh lantaran halabhab.

¹⁴ Enggon nu paraeh sungutna geus calawak rek nyantok maranehna. Menak-menak Yerusalem ku eta dileglegan, dibarung ku tingkoceakna jalma biasa.

¹⁵ Unggal jalma bakal nandang kahinaan, sakur anu aradigung bakal ngahareluk.

¹⁶ PANGERAN Nu Maha Kawasa bakal midamel kumaha pisaeunana, ciri yen Mantenna agung. Bakal ngahukum ka umat-Na ciri yen Mantenna suci.

¹⁷ Urut kota-kota dipake nyaratuan ku anak domba jeung anak embe.

¹⁸ Cilaka maraneh! Pamohalan leupas tina dosa-dosa sorangan.

¹⁹ Ceuk maraneh, "PANGERAN teu geura prak ngabuktikeun pangersa-Na ambeh karasa ku urang. Allah Israil nu suci teh geura prak atuh ngalaksanakeun papastiana-Na, hayang nyaho kumaha pangersa-Na teh!"

²⁰Cilaka maraneh! Goreng disebut hade, hade disebut goreng. Caang ceuk maraneh poek, poek ceuk maraneh caang. Puguh pait pajar amis, puguh amis pajar pait.

²¹Cilaka maraneh, nganggap diri bijaksana jeung kacida pinterna!

²²Cilaka maraneh eh pahlawan-pahlawan botol anggur! Ari keur ngucek-ngucek inuman mani asa aing panggagahna, pangjagona.

²³Padahal ku barang panyogok ge taluk, nepi ka luas ngabebaskeun jalma jahat, tega ka nu tanpa dosa.

²⁴Ku sabab kitu, lir jarami jeung jukut garing tingpurintil dihakan ku seuneu, akar maraneh bakal buruk, kembangna gararing tuluy beak katiup ku angin, lantaran arembung narima pangajaran ti PANGERAN nu Maha Kawasa, ti Allah Israil nu suci.

²⁵PANGERAN bendu ka umat-Na, panangana-Na ngulang rek nyiksa. Gunung-gunung bakal aringgeung, nu paraeh bangkena patulayah di jalan-jalan teu beda ti bubututan. Parandene PANGERAN bendu-Na moal waka liren, masih keneh ngulang-ngulang panangan rek nyiksa.

²⁶PANGERAN maparin tangara, nyaur hiji bangsa ti nu jauh, disuitan sina datang ti peuntaseun jagat. Burubul daratang, lajuna nyemprung.

²⁷Tur saurang ge euweuh anu capeeun, euweuh anu ngarampeol. Tara harees, tara

ngalenyap-lenyap acan. Taya nu udar sabuk, taya nu pegat tali tarumpah.

²⁸ Jamparingna lalancip, gondewana geus tarapti kari ngawengkang. Talapok kudana tareuas lir batu seuneu, kikiping kareta-kareta perangna muihna jeg angin puyuh.

²⁹ Peta prajurit-prajuritna lir singa tas nekuk mangsa, mangsana dibawa lumpat moal aya anu bisa ngaleupaskeun.

³⁰ Barang geus waktuna, eta balad teh ngagalaur ka Israil mani sada gumuruhna laut. Sakuliah nagri poek jeung pinuh ku kasumpeg. Caang kaandih ku poek.

6 ¹ Dina taun pupusna Raja Usia kaula ningal PANGERAN, keur linggih dina tahta-Na anu luhur, jubah-Na minuhan Bait Allah.

² Sakuriling Mantenna aya mahluk-mahluk keur narangtung, ngagalebur hurung, jarangjangan genep-genep, dua nutupan beungeutna, dua nutupan awakna, dua deui pikeun hiber.

³ Eta mahluk-mahluk paceluk-celuk pada batur, pokna, "Suci, suci, suci! Suci PANGERAN Nu Maha Kawasa! Kamulyaan Mantenna minuhan jagat!"

⁴ Sorana ngeundeurkeun dasar Bait Allah, jeung Bait Allah teh jadi pinuh ku haseup.

⁵ Ceuk kaula, "Tiwas aing! Sabab tiap ucapan biwir aing teh doraka, jeung hirup teh campur jeung jalma-jalma anu saucap-ucapna jahat.

Heug ayeuna nenjo Raja, PANGERAN Nu Maha Kawasa. Ku aing katenjo bungkeuleukan!"

⁶Mahluk anu saurang turun hiber nyampeurkeun ka kaula mawa ruhak ruhay dina cacapit.

⁷Tel ruhakna ku eta diantelkeun kana biwir kaula, sarta ceuk eta mahluk, "Biwir maneh geus diantelan ku ieu. Kadorakaan maneh geus nytingkir, dosa maneh geus dihampura."

⁸Kaula ngadenge Pangeran ngandika, "Saha nu ku Kami kudu diutus? Saha nu kudu jadi utusan Urang?" Kaula miunjuk, "Sumuhun abdi! Mangga abdi utus!"

⁹Seug kaula ku Mantenna dijurung, ngemban ieu timbalan pikeun jalma-jalma: "Sakumaha seringna ge maraneh ngadenge, moal ngarti-ngarti. Sakumaha seringna narenjo ge tetep moal bisa awas ka nu keur kajadian."

¹⁰Dawuhan Mantenna deui ka kaula, "Eta jalma-jalma uteukna sina marintul, ceulina sina tarorek, panonna sina lalolong. Ulah sina ngalarti, ulah sina ngadarenge, ulah sina narenjo. Bisi tarobat tuluy ngadareuheus ka Kami, heug bae ku Kami disina calageur."

¹¹Kaula tumaros, "Dugi ka iraha kituna teh, nun Pangeran?" Waler-Na, "Nepi ka kota-kota galempur, karosong, imah-imah euweuh anu ngareusian, tanahna ruksak jeung sepi.

¹²Eta jalma-jalma ku Kami rek disingkirkeun ka nu jauh, sakuliah tanahna sina jempling.

¹³Upama aya keneh anu ngari, najan ngan saurang tina sapuluh, eta nu saurang ge bakal ditumpes lir kiara nu geus dituar kari tunggulna." (Eta tunggul ngibaratkeun bibit anyar umat Allah.)

7 ¹Waktu Raja Ahas putra Yotam putu Usia ngarajaan nagara Yuda, pecah perang. Resin raja nagara Siria jeung Pekah putra Remalya raja nagara Israil, nempuh ka Yerusalem. Tapi ieu kota teu kungsi beunang.

²Barang raja Yuda dicariosan yen balad Siria geus aya di wilayah Israil kacida sieuneunana, rahayatna kitu keneh, mani tingdaregdeg kawas tangkal kaoyag angin.

³PANGERAN ngadawuh ka Yesaya, "Tepungan Raja Ahas. Anak maneh Sear Yasub bawa. Engke bakal papanggih di tengah jalan anu jolna ka tempat tukang ngaput di tungtung kokocoran empang girang.

⁴Sing gede hate kituh, ulah gedag, ulah rentag. Raja Resin jeung urang Siria kitu deui Raja Pekah anu keur amarah teh teu aya bahayana, ukur sakebul haseup tina dua regang suluh anu kaduruk.

⁵Nagri Siria jeung nagri Israil katut raja-rajana geus sakait

⁶rek nempuh nagri Yuda sarta rahayat Yuda rek digeretak sina biluk, engkena anakna, Tabeel, rek dijadikeun raja.

⁷Tapi Kami, PANGERAN, nganyatakeun yen maksud maranehna moal hasil.

⁸Naon sababna? Sabab kakuatan nagri Siria teu beda ti Damsik, ibu kotana. Ari kakuatan Damsik sarua jeung Raja Resin. Nya kitu deui nagri Israil, salila genep puluh lima taun moal mangrupa deui hiji bangsa lantaran kacida pabalencarna.

⁹Kakuatan nagri Israil henteu leuwih ti Samaria ibu kotana; ari Samaria teu leuwih kuat ti Raja Pekah. Mun maneh teu percaya enya-enya, moal bisa tagen."

¹⁰PANGERAN ngintun deui timbalan ka Ahas,

¹¹"Geura menta hiji tanda ka PANGERAN, Allah maneh, naha hayang tanda nu ti jero ti enggon anu paraeh, atawa ti luhur ti langit?"

¹²Waler Ahas, "Kaula moal menta tanda. Kaula moal ngadoja ka PANGERAN."

¹³Ari saur Yesaya, "Upami kitu dangukeun, nun terah Daud! Ngadoja kasabaran jalma matak awon ka salira. Komo bari ngadoja kasabaran Allah!

¹⁴Ku margi kitu, Pangeran ku mantan bade maparin tanda. Kieu: Hiji lanjang bakal bobot, seug ngowokeun putra pameget, dijenenganan Immanuel.

¹⁵Sanggeus Anjeunna sawawa pikeun nyieun putusan ku anjeun, rahayat bakal ngarinum susu dalahar madu.

¹⁶Malah samemeh eta buktos ge, dua nagri anu raja-rajana keur ngarentagkeun manah anjeun teh parantos karosong mantan.

¹⁷ Anjeun sareng rahayat kitu deui putra-putu karajaan, ku PANGERAN bakal diterapan ku hiji kasukeran, langkung hebat ti batan anu kantos kajadian kapungkur-pungkur ti semet pecahna karajaan Israil sareng karajaan Yuda. Mantenna bade ngadatangkeun raja Asur.

¹⁸ Dina waktosna engke PANGERAN bakal niup surilit, tangara ka urang Mesir di seke-seke Walungan Nil nu pangtebihna, sina narapuk ka dieu sapertos laleur, sareng tangara ka urang Asur di tanahna, sina ka darieu lir nyiruan pindah.

¹⁹ Bakal narakleuk di lebak-lebak anu taringgul sareng di guha-guha cadas. Dungus-dungus parinuh, sampalan-sampalan kaeusian.

²⁰ Dina waktosna Pangeran bade muruhan hiji tukang cukur ti peuntaseun Walungan Eprat, nya eta raja Asur. Rumbah sareng rambut anjeun ku eta bakal dikurud, dicukur lenang, bulu salira ge dikerik.

²¹ Dina mangsa eta, upami aya jurutani anu gaduh keneh sapi sanaos mung hiji, atanapi embe sanaos mung dua siki,

²² cisusuna bakal juuh, cekap pisan pikeun kaperluanana. Leres, jalmi-jalmi anu mung kantun saeutik di ieu tanah teh moal kirang susu sareng madu.

²³ Dina mangsa eta, ungal kebon angur anu ayeuna panglendona, anu ayeuna

eusina masing-masing sarebu tangkal sarta satangkalna dugi ka pajeng sarebu uang perak, bakal katutup ku rungkun cucuk sareng jukut cucuk.

²⁴ Jalmi-jalmi bakal tingalasruk ka dinya marawa gondewa sareng jamparing, ngaradon moro. Yaktos, nagara teh sakuliahna bakal pinuh ku rungkun cucuk sareng jukut cucuk.

²⁵ Pasir-pasir anu ayeuna diparelakan, bakal rarembet ku cucuk, moal aya jalmi anu tiasa ngalanto ka dinya. Anu ka darinya mung sapi sareng domba, ngadon nyaratuan."

8¹ PANGERAN ngandika ka kaula, "Cokot sabak gede, tulisan sing baradag: Gancang Ngajarahna, Rikat Rarampasna.

²Kudu disaksian ku dua jelema anu beunang dipercaya, nya eta ku Imam Uria jeung Imam Jakaria bin Yeberekya."

³Heuleut rada lila ti harita, bojo kaula ngandung. Sanggeus ngajuru orokna lalaki. Dawuhan PANGERAN, "Budak teh ngaranan Gancang-Ngajarahna-Rikat-Rarampasna.

⁴Sabab samemeh eta budak bisa nyebut Ema jeung Bapa, kamuktian Damsik jeung barang jarahanana anu ti Samaria geus beak manten diakut ku raja Asur."

⁵PANGERAN ngadawuh deui ka kaula.

⁶Dawuhana-Na, "Ku sabab ieu bangsa geus nampik cai ti anak Walungan Siloah jeung geumpeur ku Raja Resin jeung ku Raja Pekah,

⁷ Kami, Pangeran, rek ngadatangkeun raja Asur jeung baladna narajang ka Yuda. Majuna bakal kacida gancangna kawas nyeotna Walungan Eprat ari keur caah nepi ka limpas.

⁸ Yuda sakuliahna bakal kacaahan ku baladna, kakeueum kabeh, jerona nepi ka semet taktak." Allah nyarengan ka urang! Jangjang Mantenna meber nangtayungan ka tanah urang!

⁹ Eh bangsa-bangsa, pek geura ngahariji bari pinuh ku kasieun! Eh maraneh nu jarauh, anu di tungtung jagat, darengekeun! Pek geura tatan-tatan perang, tapi bari sieun! Pek geura tarapti, tapi bari risi!

¹⁰ Pek geura susun maksud, da moal laksana. Pek geura ngaromong sakarepna da moal aya hasilna, lantaran kami disarengan ku Allah.

¹¹ PANGERAN mepelingan ka kaula keras pisan, supaya kaula ulah milu make jalan anu keur diparake ku jalma rea. Dawuhana-Na,

¹² "Ulah milu campur kana sagala maksud maranehna, jeung ulah sieun ku anu dipikasieun ku maranehna.

¹³ Masing inget, Kami teh PANGERAN Nu Maha Kawasa, nu suci. Ieu Kami anu kudu dipikasieun mah.

¹⁴ Ku sabab kasucion Kami hebat, Kami teh lir batu matak titajong jalma-jalma. Kami lir pitapak nu bakal nangkep jalma-jalma

ti karajaan Yuda jeung Israil, jeung ti
Yerusalem.

¹⁵Loba anu bakal titajong ka Kami, bakal
tingkudupung tuluy diluluh. Maranehna bakal
beunang ku pitapak."

¹⁶Eh murid-murid, cangreud ieu pangajaran
anu ku Allah dipaparinkeun ka kaula, piara.

¹⁷Kaula tetep percaya sarta muntangkeun
harepan ka PANGERAN anu geus nyumput ti
umat-Na.

¹⁸Ieu kaula jeung barudak paparin
PANGERAN anu calik di Gunung Sion,
diutus ku Mantenna jadi timbalan anu
ngabungkeuleuk pikeun urang Israil.

¹⁹Tapi jalma-jalma ka maneh anggur nitah
menta pituduh ka tukang nujum jeung
tukang norah, anu osok kunyam-kunyem
gegereyeman. Ceuk maranehna, "Pikeun
kapentingan anu harirup memang kudu
menta pituduh ka arwah-arwah, kudu menta
pituduh ka nu geus paraeh."

²⁰Jawab ku maneh, "Ulah percaya ka tukang
nujum, moal aya paedahna. Turut pangajaran
ti PANGERAN."

²¹Jalma-jalma bakal tingalapruk saluluar
kota, ulatna maresum beuteungna lapar.
Bawaning ku lapar jeung ambek, nepi ka
nyarekan ka rajana jeung ka Allahna. Alak-ilik
ka langit,

²²pencrang-pencrong kana taneuh, tapi
nu katembong teh ngan kasusah jeung

kasumpeg, mangsa nu poek pikasieuneun, sarta ka dinya maranehna bakal digiring. Taya jalan pikeun maraneh geusan loput ti eta mangsa, kasumpeg.

9 ¹Tanah kaom Sebulun jeung kaom Naptali anu ayeuna keur nandang kahinaan, jaga bakal mulya, mimiti ti Laut Tengah beulah wetan nepi ka peuntaseun Walungan Yordan, malah nepi ka Galilea tempat cicing bangsa asing.

²Bangsa nu lumaku di nu poek narenjo cahaya hibar. Nu caricing di tanah nu hieum ku kalangkang kasorot ku caang.

³Ku Gusti dipaparin kasenangan, nun Pangeran, dipaparin kabagjaan. Bakal barungah kawas dina keur usum dibuat, jaligrah kawas nu keur babagi barang jarahan.

⁴Pasangan anu nindih pundukna ku Gusti dipinggeskeun, kitu deui panggitik anu ngagitik tak takna. Bangsa anu ngagencet, nu nyangsara umat Gusti, ku Gusti dibasmi, sapertos kapungkur ngabasmi tentara Midian.

⁵Urut pakean balad anu narajangna, anu jaleger ku getih, diduruk.

⁶Keur pimangpaateun urang geus medal hiji murangkalih! Hiji putra pameget, anu bakal mingpin urang. Anjeunna bakal disebut "Panarosan Ajaib", "Allah Perkosa", "Rama Langgeng", "Raja Kerta".

⁷ Kakawasaanana moal aya tungtungna.
Karajaanana bakal aman sapapanjangna.
Marentahna bakal sakumaha Raja Daud.
Kakawasaanana napak dina bener jeung
adil, ti ayeuna nepi kaahir jaman. Kitu
dipastikeunana ku PANGERAN Nu Maha
Kawasa.

⁸ Hukuman pikeun karajaan Israil turunan
Yakub, ku Pangeran geus diputus.

⁹ Sakumna urang Israil jeung sakur anu
caricing di kota Samaria, bakal nyaraho kana
eta putusan Mantenna. Maranehna arangkuh,
takabur. Carek maranehna,

¹⁰ "Adegan tina bata geus rubuh, urang ganti
ku adegan tina batu. Balok-balok kai loa geus
parotong ragragan, urang ganti ku nu leuwih
alus, ku kai kiputri kelas hiji."

¹¹ PANGERAN geus metakeun musuh-musuh
maranehna sina narajang.

¹² Urang Siria ti beulah wetan, urang Pelisti ti
beulah kulon, geus caralawak arek ngalegleg
Israil. Tapi sanajan geus kitu oge, PANGERAN
moal waka eureun bendu-Na, panangana-Na
masih keneh ngangkang baris ngahukum.

¹³ Urang Israil teu daraek tobat. Sakitu geus
meunang hukuman PANGERAN teh angger
bae henteu baralik ka Mantenna.

¹⁴ Para pamingpin Israil jeung rahayatna
bakal disiksa, diberesan dina sapoe ku
PANGERAN. Bakal diteukteukan, boh nu jadi
huluna, boh nu jadi buntutna.

¹⁵ Ari huluna nya eta jalma-jalma karolot golongan anu kaajen. Ari buntutna nya eta nabi-nabi anu pangajaranana palsu.

¹⁶ Eta pamingpin-pamingpin teh mawa sasab ka rahayat, kacida matak ngabingungkeunana.

¹⁷ Ku sabab kitu Pangeran moal aya manah karunya. Nu ngarora moal dipaparin jalan pilumpateun. Ka randa-randa jeung ka barudak pahatu ge Mantenna moal rek mikarunya. Lantaran kabeh geus malurtad, jarahat, kalakuanana jeung omonganana goreng kabeh. Tapi sanajan geus sakitu benduna, PANGERAN masih keneh bendu, panangana-Na masih keneh ngangkang baris ngahukum.

¹⁸ Kajahatan eta jalma-jalma geus hurung ngagedur kawas seuneu ngahuru leuweung cucuk jeung jukut cucuk, kawas leuweung kahuruan ngabela-bela, haseupna meleketek.

¹⁹ Ku bawaning bendu, PANGERAN Nu Maha Kawasa ngahukumna teh lir seuneu anu ngahuru sakuliah tanah eta, ngabasmi urang dinya, nepi ka kabeh geus teu aya anu inget deui ka batur.

²⁰ Di mana-mana di sakuliah kota, jalma-jalma mani tingtalubruk kana naon bae anu kira-kira bisa didahar, tapi laparna teu kaubaran. Malah nepi ka ngahakan anakna sorangan!

²¹ Urang Menase jeung urang Epraim silih tekuk, ti dinya bareng narajang ka urang Yuda. Tapi sangkilang kitu ge PANGERAN terus keneh bae bendu, panangana-Na ngangkang keneh baris ngahukum.

1 O¹ Cilaka maraneh! Maraneh nyieun hukum sakarep-karep, dipake nyiksa ka umat Kami.

² Maraneh nyieun aturan anu ngahalang-halang hak jeung kaadilan pikeun rahayat anu mariskin. Aturan anu ngawenangkeun maraneh ngarampas pangaboga randa-randa jeung kaom pahatu.

³ Rek kumaha engke maraneh upama geus dihukum ku Allah? Rek kumaha engke maraneh upama Mantenna geus ngadatangkeun bahla ti nagara jauh? Rek kabur menta tulung ka mana? Harta banda maraneh teh rek ka mana disumputkeunana?

⁴ Maraneh tangtu tiwas ku perang, atawa digiring jadi tawanan. Tapi sangkilang geus kitu ge PANGERAN teh moal waka enggeusan, panangana-Na masih keneh ngangkang baris ngahukum.

⁵ PANGERAN ngadawuh, "Asur ku Kami rek dipake jadi panggitik. Sina ngagempur bangsa anu geus nyieun pibendueun Kami.

⁶ Kami geus ngirimkeun Asur sina narajang eta bangsa anu murtad anu geus ngahudangkeun amarah Kami. Urang Asur ku Kami geus dikirimkeun sina ngajaran

jeung malingan harta maranehna, jeung sina ngaleyek maranehna kawas leutak di jalan."

⁷ Tapi raja Asur pribadi boga maksud sasangkleng. Lain saeutik bangsa anu rek diperanganana.

⁸ Eta raja geus ujub, carekna, "Panglima aing kabeh raja.

⁹ Aing geus ngarebut Kalno jeung Karkemis, Hamat jeung Arpad. Samaria jeung Damsik geus taraluk.

¹⁰ Leungeun aing dipake ngagempur karajaan-karajaan anu nyarembah ka brahala-brahala sakitu lobana, leuwih loba ti batan nu aya di Yerusalem jeung Samaria.

¹¹ Samaria jeung brahala-brahalana ku aing geus dibasmi. Yerusalem katut brahala-brahala sesembahanana nu aya di dinya ku kami tangtu ditumpes."

¹² Tapi Pangeran ngandika, "Lamun Kami geus anggeus di Gunung Sion jeung di Yerusalem, Kami rek ngahukum raja Asur nu adigung jeung suaban."

¹³ Raja Asur mani sompong, carekna, "Kabeh geus beunang ku aing, ku sorangan. Aing jago, loba akal, pinter. Wawatesan nagri-nagri ku aing geus dibedah, harta bandana geus dijarah, jalma-jalmana diidek. Aing asa jadi banteng.

¹⁴ Bangsa-bangsa sajagat teu beda ti sayang manuk. Harta bandana ku aing gampang pisan dicokotanana, asa nyokotan endog tina

sayangna, euweuh jangjang anu wanieun ngabintih, euweuh papacok nu muka atawa cacat-cicit."

¹⁵Tapi dawuhan PANGERAN, "Ari kampak bisaeun ngaku leuwih gede ti batan anu makena? Ragaji naha leuwih penting ti batan nu ngaragaji? Lain jelema anu diulangkeun ku panggitik, tapi panggitik, anu diulangkeun ku jelema."

¹⁶PANGERAN Nu Maha Kawasa bakal ngadatangkeun kasakit pikeun ngahukum jelema-jelema anu ayeuna sareubeuh nyatu. Di jero beuteungna sina asa aya seuneu, sina panas kawas anu direrab.

¹⁷Allah cahaya Israil lir seuneu, bakal ngalebur sagala rupa datang ka beak dina sapoe, moal ngarikeun cucuk jeung jukut cucuk.

¹⁸Leuweung-leuweung kekep jeung pakebonan-pakebonan bakal tumpur sama sakali, teu beda ti jelema anu katerap ku kasakit anu kacida jahatna.

¹⁹Tatangkalan anu disesakeun ngan saeutik pisan, ku budak ge bisa kaitung.

²⁰Bakal datang waktuna, urang Israil anu ayeuna nyesa teh moal muntang deui ka bangsa anu rek meakkeunana, sabab bakal ngeumbing ka PANGERAN, Allah Israil nu suci.

²¹Tapi anu bakal marulang deui ka Allahna nu maha kawasa teh ngan saeutik.

²² Najan ayeuna lobana lir keusik laut ge nu bakal bisa mulang mah ngan saeutik. Sabab aya hiji bahla anu bakal ngaruksak ka maranehna, geus pasti.

²³ Sakuliah nagri tangtu dibasmi ku Nu Maha Agung, PANGERAN Nu Maha Kawasa, sabab Mantenna anu ngadawuh kitu.

²⁴ Nu Maha Agung, PANGERAN Nu Maha Kawasa, nimbalan ka umat-Na anu araya di Sion, "Maraneh teu kudu sieun ku urang Asur, sanajan eta teh geus nganiaya ka maraneh cara urang Mesir baheula.

²⁵ Moal lila deui, sanggeus hukuman maraneh ku Kami dienggeuskeun, urang Asur pasti ku Kami dibasmi.

²⁶ Kami, PANGERAN Nu Maha Kawasa, bakal nyabetan maranehna ku pecut, cara ngahajar urang Midian di Cadas Oreb. Urang Asur ku Kami tangtu digempur, cara Kami bareto ngagempur urang Mesir.

²⁷ Maraneh ku Kami rek dibebaskeun tina kakawasaan Asur, leupas tina pasangan anu nindih punduk maraneh."

²⁸ Balad musuh geus aya di Ayat, jalanna ngaliwat ka Migron. Perlengkepanana ditunda di Mikmas.

²⁹ Ari marondokna di Geba sanggeus liwat gupitan. Urang Ramah guyur, urang Gibea dayeuh Raja Saul kalabur.

³⁰Eh urang Galim, geura tingjarerit! Eh urang Laisa, geura dengekeun! Eh urang Anatot, geura tembalan!

³¹Urang Madmena ngabalecir, urang Gebim ngalacir!

³²Poe ieu musuh geus aya di Nob, geus ngacung-ngacung peureup ka Gunung Sion, ka kota Yerusalem.

³³Maranehna bakal tinggalubrag kawas dahan ditutuhan, ditutuhan ku PANGERAN Nu Maha Kawasa. Jalma anu pangagungna, anu pangkatna pangluhurna, bakal ditutuh digubragkeun.

³⁴Kabeh bakal dituaran ku PANGERAN, kawas tatangkalan di tengah leuweung ditampolan ku kampak, dirubuh-rubuhkeun, kawas tatangkalan di Libanon, sanajan nu pangalusna ge pasti rarubuh!

11 ¹Baris turunan Raja Daud lir tangkal nu geus dituar. Tapi sakumaha tina tunggul sok bijil sirung anyar, nya kitu keneh ti antara turunan Daud bakal muncul raja anyar.

²Anjeunna ku Roh PANGERAN bakal dipaparin hikmah, elmu jeung kapinteran pikeun ngatur rahayatna. Ka PANGERAN bakal ngabdi, ngamulyakeun,

³tumutna reujeung sukana. Mutus perkara moal satingal-tingalna, moal sadangu-danguna.

⁴Adil asih ka nu miskin, bumela ka nu sangsara. Timbalanana kawasa nerapkeun hukum, jalma jahat tanwande dihukum pati.

⁵Ngatur rahayatna bakal jujur sahinasha.

⁶Ajag jeung domba hirup rukun babarengan, maung jeung anak embe darepa reureujeungan. Anak sapi nyatuan bareng jeung anak singa, diangon ku barudak.

⁷Sapi jeung biruang bareng nyaratuanana, anak-anakna reureujeungan darepana. Singa jeung sapi sarua ngakan jukut.

⁸Budak anu nyusu keneh ge moal nanaon ulin deukeut oray welang.

⁹Di Sion, gunung PANGERAN nu suci sepi anu niat jail, moal aya anu niat jahat. Sakuliah tanah bakal pinuh ku kanyaho ka PANGERAN, lir laut pinuh ku cai.

¹⁰Mangsa harita, eta raja anyar turunan Daud ku bangsa-bangsa bakal dijieun lambangna. Di kota karajaanana bangsa-bangsa karumpul jeung ngamulyakeun.

¹¹Dina mangsa eta Pangeran bakal ngagunakeun deui pangawasa, mulangkeun sesa umat-Na ti Asur jeung Mesir, ti Patros, ti Sudan, ti Elam, ti Babul, ti Hamat, kitu deui ti nagri-nagri jeung ti pulo-pulo anu jarauh.

¹²Pangeran bakal ngelebetkeun bandera, tanda yen Mantenna keur ngempelkeun deui urang Israil jeung urang Yuda anu pabalencar, baris dipulangkeun ti opat pojok jagat.

¹³Karajaan Israil moal dengki deui ka karajaan Yuda, Yuda oge moal ngamusuh deui ka Israil.

¹⁴Maranehna bakal bareng ngarurug ka beulah kulon ka urang Pelisti, bareng narajang ka beulah wetan. Urang Edom jeung urang Moab bakal pasrah, urang Amon ge bakal taluk.

¹⁵Teluk Sues ku PANGERAN disina garing, Walungan Eprat disina saat disedot ku angin panas, tinggal tujuh kokocoran anu ngerelek leutik, bisa diraas.

¹⁶Ti Asur bakal aya jalan ngabulungbung, sorangeun umat Mantenna Israil, anu marulang sakumaha baheula waktu karuhunna budal ti Mesir.

12¹Pidatangeun mangsa jalma-jalma maruji sukur. Pujina: "Abdi nyembahkeun puji, nun PANGERAN! Tadina abdi dibenduan, ayeuna dililipur. Gusti henteu ngabenduan deui.

²Allah teh jurusalamet abdi. Abdi moal gaduh kasieun, margi percaya ka Allah. PANGERAN nu maparin daya sareng tanaga, anu jadi jurusalamet.

³Lir nu halabhab atoh mendak cai seger, nya kitu umat Allah barungah waktu disalametkeun ku Allah."

⁴Pidatangeun mangsa jalma-jalma maruji sukur. Pujina: "Puji sukur ka PANGERAN! Lamun perlu ku pitulung, sambat Mantenna!

Caritakeun ka bangsa-bangsa, sagala
damel-Na! Caritakeun, kumaha agungna
Mantenna!

⁵ Puji ka PANGERAN, reh Mantenna geus
midamel hal-hal anu ajaib, sakuliah jagat
kudu nyaraho.

⁶ Geura sarurak, geura maruji, eh anu
marangkuk di Sion! Allah Israil teh suci,
agung, calik nyarengan umat-Na."

13¹ Ieu pangandika Allah ka Yesaya putra
Amos perkara nagara Babul.

² Kelebetkeun bandera perang di pasir
bulistir. Haokan para prajurit, acungkeun
leungeun, tangara maju tarung ngadobrak
lawang-lawang eta nagri nu kamagungan.

³ PANGERAN geus ngumpulkeun sakumna
prajurit Mantenna nu warani jeung satia, seja
ngadegkeun perang suci, ngahukum bangsa
anu ngentabkeun manah-Na.

⁴ Dengekeun, gunung-gunung tinggulugur,
nya seahna jalma loba, sora bangsa-
bangsa jeung karajaan-karajaan anu geus
sabilulungan. PANGERAN pupuk perang
geus tarapti nginditkeun pasukana-Na.

⁵ Eta bangsa-bangsa daratang ti nagri-nagri
anu jarauh, ti unggal tungtung jagat.
PANGERAN anu keur ngentab manah geus
saged ngalebur eta nagri sakuliahna.

⁶ Geura tinggarerung nahan kanyeri!
Wancining GUSTI geus nepi, Nu Maha Kawasa
bakal gancang ngaragragkeun karuksakan.

⁷ Jalma-jalma bakal laleungit kawani,
leungeunna ngaraplek.

⁸ Kabeh bakal gimir jeung diraksuk ku
kanyeri, kawas kanyeri awewe anu rek
ngajuru. Hatena pinuh ku kasieun, semet
bisa silih pelong pada batur, ulatna karerab
ku rasa wirang.

⁹ Wancining GUSTI meh nepi, hiji wanci
anu bengis, wanci Mantenna ngencarkeun
kasewot jeung bebendu nu ngentab-ngentab.
Bumi ku Mantenna bakal disuwungkeun,
sakur nu doraka bakal dibasmi.

¹⁰ Bentang-bentang jeung sakur nu
caang-caang di langit cahayana bakal lus-les,
panonpoe bakal poek wanci meletek, bulan
moal cahayaan.

¹¹ PANGERAN ngadawuh, "Bumi ku Kami rek
diruksak ku bahla, jalma-jalma nu migawe
dosa bakal dihukum. Sakur anu kamagungan
sina nandang kahinaan, sakur anu gumede
jeung taya rasrasan bakal disiksa.

¹² Bakal langka jelema nu nyesa, leuwih
langka ti batan emas.

¹³ Upama Kami, PANGERAN Nu Maha Kawasa
enggeus nembongkeun amarah, langit bakal
ngagibrig, bumi bakal gunjang-ganjing.

¹⁴ Anu keur ngaradon numpang di
Babul bakal kalabur, baralik ka nagrina
masing-masing, pasalebrungan kawas uncal
keur dibeberik, kawas domba euweuh nu
ngangonna.

¹⁵ Nu kasusul tangtu pegat nyawana ku pedang.

¹⁶ Jaba ti geus teu walakaya teh kudu nenjo barudakna dicacag, imahna dirayah, awewe-awewena digadabah."

¹⁷ PANGERAN ngadawuh, "Kami rek nginditkeun urang Media sina ngarurug ka Babul. Maranehna moal kabita ku perak, moal kagoda ku emas.

¹⁸ Jamparing jeung gondewana nyabutan nyawa jalma-jalma anu ngarora. Moal karunya ka orok, moal karunya ka budak.

¹⁹ Babul karajaan pangendahna. Tapi ku Kami, PANGERAN, rek diancurkeun cara Sadumu jeung Gomora!

²⁰ Hamo dicicingan deui. Urang Arab moal aya deui anu masang kemahna di dinya. Tukang ngangon moal aya anu ngaradon ka dinya.

²¹ Rek dijieun enggon sato gurun, enggon bueuk nyararayang. Ruruntukna sina dipake enggon ajret-ajretan embe leuweung jeung manuk onta.

²² Urut munara-munarana jeung puri-purina, bakal dipake enggon babaung ku ajag jeung anjing leuweung. Babul tereh euweuh! Umurna moal lila deui!"

14¹ PANGERAN bakal hawatoseun deui ka Israil umat-Na. Israil bakal diangken deui jadi kagungana-Na. Bakal diwidian

nyaricingan deui tanahna, bareng jeung bangsa asing anu marilu hirup di dinya.

²Loba bangsa anu bakal ngabantu urang Israil mulang ka tanahna, tanah paparin PANGERAN. Di nagrina sorangan urang Israil bakal dikaulaan ku bangsa-bangsa sejen. Anu bareto nangkep Israil bakal ditangkep ku Israil, anu bareto ka Israil nyangsara bakal diparentah ku Israil.

³Kasangsaraan urang Israil ku PANGERAN bakal dienggeuskeun, kanyerina bakal dileungitkeun, dijait tina kerja paksana.

⁴Sanggeus kitu maranehna bakal nyieun popoyokan pikeun Babul, kieu: "Kutan raja lalim teh geus tiguling! Atuh moal bisaeun nyiksa deui!

⁵(14: 5-6) Eta pangawasa-pangawasa nu jarahat, anu marentahna bari amarah, anu tara eureun-eureun nyiksa bangsa-bangsa patalukanana, kakawasaanana geus ditilas ku PANGERAN.

⁶(14: 5)

⁷Ayeuna jagat geus tengtrem, geus aman, jalma-jalma saruka bungah.

⁸Kayu kijamuju jeung kiputri di Libanon jaligraph da eta raja geus tiguling, maranehna moal aya nu nuaran deui, da tukang nuaranana geus euweuh!

⁹Dunya anu maraot geus gugupay, ngagupayan raja Babul. Arwah jalma-jalma anu keur hirupna karawasa teh bakal digiring

ka dinya. Arwah raja-raja tingjuringkang tina tahta-tahtana,

¹⁰nyaralukan ka raja Babul, Nah, maneh ge geus apes, teu beda ti kami, bakal ngabaturan kami.

¹¹Bareto geus biasa dikawihan, dipangnabeuhkeun kacapi, biasa ngamulyakeun maneh, ayeuna kudu ngagoler di dunya anu maraot, disimbut ku cacing-cacing, dikasur bilatung-bilatung."

¹²Eh raja Babul, bentang pajar nu moncorong! Maneh enggeus ngagebut ragrag ti langit! Bareto sok nalukkeun bangsa-bangsa, ayeuna geus digejretkeun kana taneuh.

¹³Bareto maneh geus ujub arek mancal langit, rek nagenkeun tahta saluhureun bentang anu pangluhurna. Geus boga pikir rek anegleng jadi raja di puncak gunung di kaler, tempat kumpul dewa-dewa.

¹⁴Majar teh rek naek ka puncak mega, rek nyaruaan ka Nu Maha Kawasa.

¹⁵Tapi geuning bet digebruskeun ka handap nu pangjerona, ka dunyana nu maraot!

¹⁶Nu geus maraot ka maneh malencrong jeung nareuteup semu heran. Tuluy ngaromong, "Kutan eta jelema anu ngoyagkeun jagat ngendagkeun karajaan-karajaan teh?

¹⁷Baruk eta anu ngaburak-barik nagri-nagri jeung malikkeun jagat jadi gurun keusik teh?

Kutan eta jelemana anu tara ngaleupaskeun sakitanana sangkan mulang teh?"

¹⁸Urut raja-raja sejen kabeh baroga kuburan jeung aralus,

¹⁹ari maneh mah teu boga. Bangke maneh bakal dialungkeun tuluy buruk, kaurugan ku bangke-bangke serdadu anu tariwas di pangperangan, tuluy bareng digurubagkeun kana liang cadas, kaleyek-leyek kawas bangke.

²⁰Mayit maneh moal aya nu nguburkeun cara raja-raja sejen, da nagri maneh geus ruksak ku maneh sorangan, rahayat maneh paraeh ku maneh keneh. Kulawarga maneh anu jarahat tea saurang ge moal aya anu salamet.

²¹Geura prak peuncitan! Anak ieu raja bakal maraot nanggung dosa karuhunna, saurang ge moal aya anu kawasa di ieu jagat, moal aya anu minuhan jagat ku nyieunan kota-kota.

²²PANGERAN Nu Maha Kawasa ngadawuh, "Babul ku Kami rek ditarajang diburak-barik. Moal disesakeun, saurang ge moal aya anu dihirupan, kaasup barudakna. Kami, PANGERAN, anu nimbalan kitu.

²³Babul rek dijieun ranca, jadi enggon bueuk. Babul ku Kami rek disapu, sagala rupana tangtu beak disapukeun. Kami, PANGERAN Nu Maha Kawasa anu nimbalan."

²⁴PANGERAN Nu Maha Kawasa geus ikrar,
"Naon bae sakersa Kami bakal ngajadi.
Putusan Kami kabeh tangtu bukti.

²⁵Kami rek ngabasmi urang Asur di tanah
Israil kagungan Kami, sarta ngaleyek
maranehna di gunung-gunung Kami. Kami
rek mecat pasangan ti umat Kami anu
diterapkeun ku maranehna, jeung nurunkeun
momotanana.

²⁶Kitu pangersa Kami anu bakal tumiba ka
alam dunya. Leungeun Kami geus ngangkang
rek ngahukum bangsa-bangsa."

²⁷PANGERAN Nu Maha Kawasa geus
mastikeun kitu. Panangana-Na geus
sadia baris ngahukum, moal aya nu bisa
ngahalang-halang.

²⁸Ieu pangandika anu diembarkeunana dina
taun pupusna Raja Ahas.

²⁹Eh urang Pelisti, panggitik anu dipake
ngagitik ka maneh geus bubuk. Tapi maneh
taya alesan pikeun bungah. Oray nu hiji geus
paeh, tapi aya gantina nu leuwih bahaya. Aya
hiji endog oray, ana megar jadi naga hiber.

³⁰PANGERAN bakal ngarawat umat-Na anu
sangsara, ngaraksa sangkan maranehna
salamet. Sabalikna maraneh, eh urang
Pelisti, bakal ditarajang ku bahaya kalaparan!
Maraneh saurang ge moal aya nu hirup.

³¹Eh kota-kota nagri Pelisti, geura sasambat
tulung-tulungan! Kabeh geura tingdaregdeg
kasieunan! Aya nu ngebul meledug ti beulah

kaler: Hiji balad bakal narajang ka maneh, jalma-jalmana saurang ge taya nu kecing.

³²Kudu kumaha jawaban urang ka utusan-utusan nu daratang ka urang ti Pelisti? Rek ditembal, yen PANGERAN geus nguatkeun Sion, sarta umat Mantenna anu sangsara bakal aman di dinya.

15 ¹Ieu pangandika perkara nagri Moab. Kota Ar jeung Kir bakal dibasmi, beak dina sapeuting. Sakuliah Moab bakal jempling.

²Urang Dibon naranjak ka luhur pasir, ngadon careurik di tempat mujana. Urang Moab tingbangingik nyeungceurikan kota Nebo jeung Medeba. Sirahna digarundulan, janggotna dikarurud, tanda sungkawa.

³Nu di jaralan kabeh ditaraju karung, nu di sabudeureun alun-alun aluk-alukan di loteng-loteng.

⁴Urang Hesbon jeung Elale tingjarerit, kadenge ka daerah Yahas. Serdadu-serdaduna ge ngadadaregdeg leungit kawani.

⁵Kaula ngajerit dina hate, mangwatirkeun ka Moab. Pangeusina kalabur nepi ka nagri Soar jeung Eglat Salisia. Sawareh naranjak ka jalan anu ka Luhit bari careurik, sawareh deui ngabalecir ka Horonaim bari rawah-riwhi.

⁶Susukan Nimrim caina saat ngoletrak, jujukutan di sisina parerang, geus teu aya tutuwuhan anu hirup.

⁷ Aya anu mareuntasan Lebak Waru hayang salamet, bari ridu ku babawaan.

⁸ Di saban wates Moab di mana-mana pinuh ku sora aluk-alukan, kadenge nepi ka Eglaim jeung Ber Elim.

⁹ Walungan di kota Dibon caina jadi beureum ku getih. Najan kitu Allah masih keneh bakal ngeunakeun bahla anu leuwih parna ka urang dinya. Bener, pikeun sakur anu tinggal keneh di Moab bakal aya pangjagalan pinuh ku getih.

16 ¹ Ti kota Sela di gurun keusik, urang Moab ngirim hiji anak domba ka anu nyangking kawasa di Yerusalem.

² Maranehna ngadarago di sisi Walungan Arnon, bulak-balik leuleumpangan teu puguh kawas manuk digebah tina sayangna.

³ Lumah-lameh ka urang Yuda, pokna, "Bejaan kuring sarerea kudu kumaha? Tangtayungan kuring sarerea, saperti tangkal mere iuh, sangkan kuring sarerea bisa ngareureuh handapeun iuh-iuh aranjeun. Kuring sarerea ngungsi ka dieu, pangnyumputkeun sing ulah aya anu manggihkeun.

⁴ Neda idin numpang di tanah aranjeun, sumputkeun ti nu bade numpes." (Nu neungteuinganan jeung nu ngaruksak, engke bakal euweuh. Anu ngancurkeun nagri teh engke bakal sirna.

⁵ Sanggeus kitu, hiji turunan Daud bakal jadi raja, sarta bakal marentah kalawan satia jeung kacintaan ka rahayat. Hal-hal anu bener bakal gancang dilampahkeun, sarta ngajaga sangkan kaadilan jalan.)

⁶ Tembal urang Yuda, "Urang geus ngadenge kumaha sompongna urang Moab. Urang nyaho, maranehna arangkuh jeung kamagungan, tapi eta kaadigunganana teh euweuh eusina."

⁷ Urang Moab bakal ngaharegung teu kuat ku kasusahna jeung sangsara. Bakal careurik, jeung micangcam kahakananana anu ngareunah di Kir Heres. Maranehna bakal diusir sina sarusah.

⁸ Kebon-kebon deukeut Hesbon, kebon-kebon anggur di Sibna, anu anggurna diarinum ku para kawasa nagri nepi ka mabok, bakal ruksak. Tangkal-tangkal anggurna kungsi jauh ngarambatna nepi ka nagri Yaser, kebat ka wetan nepi ka gurun keusik anjog ka kulon ka peuntaseun Laut Mati.

⁹ Kaula milu nyeungceurikan urang Yaser ku hal eta anggur Sibna. Cipanon nyurucud ningal kaayaan Hesbon jeung Elale, ngaraskeun ka urang dinya anu moal nyorang deui suka bungahna panen, lantaran panenna moal aya deui.

¹⁰ Sanajan tanahna lendo ge, ayeuna mah di dinya moal aya anu ngarasa bungah. Di

kebon-kebon anggurna moal aya anu surak atawa tetembangan. Moal aya nu ngaluluh buah anggur nyieun cai anggur.

¹¹ Kaula ngalengis ningal kaayaan Moab, sarta nalangsa ku kaayaan Kir Heres.

¹² Urang Moab nangankeun maneh arindit ka tempat-tempat mujana di gunung-gunung, rek ngadaroa, tapi moal aya gunana.

¹³ Kitu pangandika PANGERAN ti samemehna keneh perkara Moab teh.

¹⁴ Ayeuna kieu pangandika-Na, "Kabeungharan Moab anu sakitu poharana teh di jero tilu taun bakal musna. Pangeusina anu sakitu lobana bakal tinggal saeutik, kitu ge lembek."

17 ¹ Timbalan PANGERAN, "Damsik moal jadi kota deui, engke mah ngan jadi tumpukan ruruntuhan.

² Kota-kota di Asur bakal suwung sapapanjangna. Bakal jadi tempat domba jeung sapi nyaratuan moal aya anu ngabuburak.

³ Nagara Israil moal boga benteng. Damsik leungit pananggeuhanana. Urang Asur anu nyesa bakal nandang hina, mo beda ti urang Israil. Kitu timbalan Kami, PANGERAN Nu Maha Kawasa."

⁴ PANGERAN ngandika, "Poena bakal datang, kaagungan Israil bakal sirna, anu asalna beunghar bakal jadi miskin.

⁵ Mun sawah mah Israil teh bakal kari jarami, geus dipibuatan, geus suwung cara lahan di Lebak Repaim sanggeus dipibuatan.

⁶ Nu bakal harirup keneh teh ngan saeutik. Urang Israil bakal saperti hiji tangkal jetun anu geus diunduh buahna dijieun minyak, kari dua tilu siki di pucukna pisan, atawa sababaraha siki deui dina dahan anu rada handap. Kitu timbalan Kami PANGERAN, Allah Israil."

⁷ Lamun eta mangsa geus datang, jalma-jalma bakal baralik menta tulung ka anu ngadamelna, ka Allah Israil anu suci.

⁸ Maranehna geus moal nolih deui kana altar-altar buatanana, moal ngandel deui kana titironan-titironanana anu dirupakeun arca Asera, moal nolih deui kana parukuyan paragi ngukusna.

⁹ Lamun geus jejeg mangsana, kota-kota anu dibenteng reugreug teh bakal suwung, kari ruruntukna cara kota-kota urang Hiwi jeung urang Emor basa urang dinya kalaburu urang Israil.

¹⁰ Eh urang Israil, maraneh geus nyaho ka Allah anu nulungan, anu ngaraksa lir gunung batu anu weweg. Tapi maraneh kalah ka nyarieun taman-taman anu husus dipelakan tangkal-tangkal keur tempat nyembah ka dewa asing.

¹¹ Tapi, sanajan upama eta pepelakan teh ari ceb ari jadi jeung karembangan, pamohalan

hasilna kaala. Kalah ka matak susah jeung nyeri anu moal bisa kaubaran.

¹²Bangsa-bangsa nu karuat keur gujrud lir laut gumuruh ombakna tingjalegur,

¹³tuluy maraju lir ombak tingsuruwuk. Tapi ku Allah diseuseul, seug malundur, tuluy diubrak-abrik nepi ka paburisat kawas kekebul, kawas huut katiup ku angin.

¹⁴Basa peutingna eta teh nyieun gujrud, barang isuk bet geus euweuh deui. Kabeh ge bakal kitu nasibna anu ngaranjah ka tanah urang teh.

18¹Di hiji tanah peuntaseun walungan-walungan di Sudan, aya sora jangjang tinghariyeng.

²Duta-duta ti eta tanah tarurun ka Walungan Nil tarumpak parahu wawalinian. Eh para utusan anu rarikat, baralik deui ka ditu! Bawa ieu beja ka tanah maraneh anu kuat jeung kawasa, anu awakna jarangkung jeung kulitna lalemes, anu dipikasieun ku sakuliah jagat.

³Eh anu ngarancik di bumi, darengekeun! Lamun aya bandera cicireن nanjeur di puncak-puncak gunung, awaskeun! Lamun aya sada tarompet, dengekeun!

⁴PANGERAN ngandika ka kaula, kieu, "Kami arek nempo rerencepan ti sawarga, lir ibun peuting wanci panas usum dibuat, lir srangenge ngagebray wanci moreret.

⁵ Memeh buah anggur dipupu, lamun kembangna geus maruragan sarta anggurna mimiti arasak, Sudan rek digempur reujeung gampang, teu beda ti ngeureut ranggeuyan anggur ku peso tina areuyna.

⁶ Bangke serdadu-serdaduna bakal diantep patulayah, sina diharakan ku manuk bangke jeung ku sato galak. Dina usum panas jadi parab manuk, dina usum tiris jadi parab sasatoan."

⁷ Bakal datang jamanna PANGERAN kersa nampi pangbakti ti ieu tanah anu diliwatan ku walungan-walungan, ti bangsa anu nya kuat nya gede kawasana, anu awakna jarangkung sarta kulitna lalemes, anu dipikasieun ku saalam dunya. Maranehna bakal daratang ka Gunung Sion, tempat ngabakti ka Allah Nu Maha Kawasa.

19¹ Ieu pangandika perkara Mesir. PANGERAN keur majeng gancang ka Mesir nitihan mega. Brahala-brahala Mesir mani ngarompod di payuneuna-Na, urang Mesir galimir.

² PANGERAN ngandika, "Urang Mesir ku Kami rek disina perang pada batur, dulur perang jeung dulur, tatangga perang jeung tatangga, kota perang jeung kota, raja tarung jeung raja, parebut kakawasaan.

³ Sagala tarekah Mesir sina teu matak nyugemakeun dirina, sumangetna sina melempem. Bakal marenta tulung ka

brahala-brahala, naranya ka tukang torah,
marenta pituduh ka arwah-arwah jelema nu
geus paraeh.

⁴ Urang Mesir rek diserenkeun ka hiji jelema
bengis, sina dikawasaan ku raja lalim. Kitu
timbalan Kami, PANGERAN Nu Maha Kawasa.”

⁵ Walungan Nil bakal orot caina, lila-lila
garing pisan.

⁶ Terusan-terusanana sajeroning ngorotan
jadi bau. Kaso jeung wawalinianana bakal
aralum,

⁷ palawija turut-turut sisi eta walungan bakal
gararing, tuluy euweuh, kakebut ku angin.

⁸ Jalma-jalma anu tatali huripna tina
ngala lauk di Walungan Nil bakal rumahuh,
useupna taya nu nyanggut, jaringna teu
beubeunangan.

⁹ Tukang-tukang nyieun baju linen paregat
harepan.

¹⁰ Tukang-tukang ninun jeung patukangan-
patukangan lianna kari nguluwut pikiranana.

¹¹ Para pamingpin kota Soan kabeh barodo!
Juru-juru nasehat anu pangbijaksanana di
Mesir, nasehat-nasehatna barurung kabeh!
Kacida waranina ka raja ngarakukeun maneh
turunan raja-raja baheula, turunan anu
laluhung!

¹² Eh raja Mesir! Mana juru nasehat maneh
nu palinter teh? Cik, sugar barisaeun
nerangkeun ka maneh perkara pangersa
PANGERAN Nu Maha Kawasa ka Mesir.

¹³ Para pamingpin Soan jeung Mempis kabeh barurung. Kalah ka ongkoh rek mingpin rahayat, tapi malah nyasabkeun.

¹⁴ Sagala pirempugna ku PANGERAN disina teu uni. Tungtungna sagala peta urang Mesir jadi serba salah jeung kawas jelema mabok anu ngajolongjong tisoledat ku utahna sorangan.

¹⁵ Nu beunghar, nu miskin, jalma penting, jalma biasa, di Mesir geus teu aya saurang-urang acan anu sanggup mere pitulung.

¹⁶ Bakal datang mangsa urang Mesir jadi borangan kawas awewe. Bakal ngarompod barang narenjo PANGERAN ngulang panangan rek ngahukum ka maranehna.

¹⁷ Unggal aringeteun deui kana balahi-balahi ti PANGERAN Nu Maha Kawasa anu baheula tumiba, urang Mesir kacida singsieuneunana ku Yuda teh.

¹⁸ Lamun geus datang waktuna, lima kota di Mesir bakal ngaromong ku basa Ibrani. Urang dinya lana ngucapkeun ikrar bakal nyarebut jenengan PANGERAN Nu Maha Kawasa. Salah sahiji kotana bakal disebut "Kota Surya".

¹⁹ Lamun waktuna geus cunduk, di tanah Mesir bakal aya hiji altar haturan PANGERAN, jeung di wates tanahna bakal diayakeun hiji tugu anu dibaktikeun ka Mantenna.

²⁰ Eta pikeun tanda yen PANGERAN Nu Maha Kawasa aya di Mesir. Mun urang dinya

digencet sarta sasambat menta tulung ka PANGERAN, Mantenna bakal ngutus nu baris ngajait maranehna.

²¹ PANGERAN bakal ngebrehkeun anjeun ka urang Mesir sarta maranehna bakal percaya jeung ngabarakti ka Mantenna, nyaranggakeun kurban jeung pangbakti, sarta tarurun kaul, tur kaulna dicarumponan.

²² Mesir bakal dihukum ku PANGERAN, tapi ku Mantenna bakal ditambaan sina cageur deui. Maranehna bakal tarobat, panyambatna bakal didangu ku Mantenna, kanyerina bakal dicageurkeun.

²³ Dina mangsa eta antara Mesir jeung Asur bakal aya jalan gede. Jalma-jalma ti eta dua nagri bakal parulang-anting, daratang, sarta eta dua bangsa bakal babarengan ngalampahkeun ibadah.

²⁴ Dina mangsa eta urang Israil bakal satata jeung Mesir jeung Asur, sarta ieu tilu bangsa bakal mawa berkah ka saalam dunya.

²⁵ PANGERAN Nu Maha Kawasa bakal ngaberkanan ka maranehna, sarta kieu timbalana-Na, "Maneh Mesir umat Kami, ku Kami diberkanan, kitu deui Asur beunang Kami ngayugakeun, sarta maneh eh Israil, maneh teh umat pilihan Kami."

20¹ Dina hiji taun, Sargon raja Asur nimbalan panglima perangna sina ngarurug ka Asdod, ibu kota nagri Pelisti.

²Tilu taun samemehna, PANGERAN nimbalan ka Yesaya putra Amos, yen anjeunna teu meunang nganggo raksukan jeung teu meunang ditarumpah. Yesaya tumut, anjeunna ngider bari sataranjang jeung teu ditarumpah.

³Sanggeus Asdod karebut, PANGERAN ngandika, "Tilu taun Yesaya abdi Kami hirupna teu make pakean, teu ditarumpah-tarumpah acan, eta pikeun ngagambarkeun nasib anu bakal karandapan ku Mesir jeung Sudan.

⁴Jalma-jalma di eta dua nagri, kolot jeung budak bakal jaradi tawanan sarta ditawan ku raja Asur, sajajalan tararanjang, biritna barorete jeung teu ditarumpah-tarumpah acan, matak aeb ka Mesir.

⁵Sakur anu tadina ngandelkeun ka Sudan jeung ngagulkeun Mesir, kabeh saralah pangira, tungtungna pegat harepan.

⁶Pribumi nagri-nagri sapanjang basisir Pelisti bakal ngaromong kieu, Behna mah bangsa anu ku urang diandelkeun bisa nangtayungan tina ancaman raja Asur teh nepi ka beunang dikitu-kitu! Ari geus kieu, urang rek bisa luput kumaha tina bahaya?"

21 ¹Ieu pangandika perkara Babul. Aya bahla keur ngancam, datangna ti hiji nagri anu pikagimireun, ngahiuk ngaliwatan gurun keusik, nyapu lir angin puyuh.

²Kaula boga tetenjoan ngeunaan kajadian-kajadian anu kacida telengesna, hal nu

hianat jeung ngaruksak. Eh balad Edom, geura narajang! Eh balad Media, geura kepung kota-kota! Allah bakal namatkeun kasangsaraan anu dilantarankeun ku Babul.

³Eta tetenjoan katingalna jeung kadengena matak gimir, kaula kacida sieunna. Jeung awak asa rocop kawas awewe rek ngajuru.

⁴Sirah asa muter, awak ngadaregdeg bawaning ku sieun. Ngarep-ngarep geura peuting, geus peuting malah jadi lelenyapan.

⁵Nu katenjo teh dahareun beunang ngatur, tamu-tamu dariuk dina pramedani dalahar nginum. Sabot kitu ngadak-ngadak aya sora anu marentah kieu, "Para perwira, siap tameng!"

⁶Ti dinya PANGERAN nimbalan ka kaula, "Maneh kudu nempatkeun prajurit jaga, sina ngalaporkeun tetenjoanana.

⁷Lamun geus nenjo anu tarumpak kuda ngarendeng dua-dua, jeung anu tarumpak kalde jeung onta, awaskeun terus."

⁸Prajurit jaga ngagero, "Kuring geus aya di pos jaga, taki-taki beurang peuting!"

⁹Ujug-ujug, tuh geus daratang! Tarumpak kuda ngarendeng dua-dua. Prajurit jaga ngagero, "Babul geus rubuh! Brahala-brahala sesembahanana balencar mayak dina taneuh!"

¹⁰Leuh Israil bangsa kaula, aranjeun geus diluluh, kawas gandum diirik. Ieu kaula mere

warta pikabungaheun, asalna ti PANGERAN
Nu Maha Kawasa, Allah panutan Israil.

¹¹ Ieu pangandika perkara nagri Edom.
Aya anu ngagero ka kaula ti Edom, pokna,
"Prajurit jaga! Lila keneh ieu peuting teh?
Iraha rek enggeusna?"

¹² Tembal kaula, "Sakeudeung deui ge
isuk. Tapi engke oge peuting deui. Bisi rek
nanyakeun deui heug bae, engke ka dieu
deui!"

¹³ Ieu pangandika perkara Arab. Eh kapilah
urang Dedan nu mareutting di tegal tanah
Arab!

¹⁴ Bere cai sakur nu datang kahalabhaban.
Eh urang Tema, bere dahareun sakur anu
keur ngungsi.

¹⁵ Maranehna keur kalabur nyinkahan
pedang anu geus rek nyabet, nyinkiran
jamparing nu geus dipentang, nyinkahan
sagala bahya perang.

¹⁶ Geus kitu PANGERAN nimbalan ka kaula,
"Moal kungsi sataun deui ge kaagungan
kaom-kaom Kedar teh musna.

¹⁷ Jalma-jalma pasukan panahna
panggaragahna, tapi engke mah ngan tinggal
saeutik. Kitu timbalan Kami, PANGERAN Nu
Maha Kawasa."

22¹ Ieu pangandika perkara Lebak
Tetenjoan. Aya naon pangeusi kota
eak-eakan di unggal loteng?

²Rame sakuliah kota, ear anu suka-suka.
Dina ieu perang, prajurit-prajurit aranjeun
paehna lain ku sabab kasambut jurit.

³Pamingpin-pamingpin aranjeun lalumpatan,
memeh bisa mentangkeun gondewa geus
kacarerek.

⁴Kaula tinggalkeun, rek nyeungceurikan
dulur sabangsa anu geus tariwas. Kuring
moal beunang diupahan.

⁵Waktu ieu di Lebak Tetenjoan keur tagiwur,
baringung jeung baluweng. Nu Maha Agung,
PANGERAN Nu Maha Kawasa, memang geus
ngersakeun kitu ka urang. Kuta-kuta geus
rarebah. Nu marenta tulung tingjarerit,
kadenge ka pasir-pasir.

⁶Balad Elam daratang tarumpak kuda,
marawa gondewa jeung jamparing. Prajurit
Kir geus siap tameng.

⁷Lebak-lebak tanah Yuda anu lendo, pinuh
ku kareta-kareta perang, serdadu musuh
geus taki-taki dina kudana hareupeun gapura
Yerusalem.

⁸Pertahanan Yuda amburadul. Dina mangsa
eta aranjeun ngunjalan pakarang ti gudang
pakarang.

⁹(22: 9-10) Aranjeun manggihan tempat-
tempat di Yerusalem anu kutana omeaneun.
Aranjeun mariksa ka ungal imah di
Yerusalem, sawareh dirubuh-rubuhkeun,
diarah batuna keur ngomean kuta. Pikeun
sadiaan cai,

¹⁰(22: 9)

¹¹aranjeun nyieun kulah di jero kota, cai ti sumber nu heubeul dikocorkeun ka dinya. Tapi aranjeun teu malire ka Pangeran anu geus lila ngararancang eta sakabeh perkara, jeung anu ngalantarankeun eta kajadian.

¹²Aranjeun geus diingetan ku Nu Maha Agung, PANGERAN Nu Maha Kawasa, yen kudu careurik, kudu prihatin, kudu ngagarundulan sirah, kudu dibaraju karung.

¹³Aranjeun malah sareuri, sukan-sukan, mareuncit domba jeung sapi, dagingna didalahar, ngarinum anggur. Ceuk aranjeun, "Urang nyatu nginum sakarep-karep, isukan mah urang paraeh."

¹⁴Nu Maha Agung, PANGERAN Nu Maha Kawasa, nimbalan kieu ka kaula, "Dosa maraneh kitu teh saumur-umur ge moal dihampura. Kitu timbalan Kami, Nu Maha Agung, PANGERAN Nu Maha Kawasa."

¹⁵PANGERAN Nu Maha Kawasa, nimbalan ka kaula, miwarang nepungan Sibna kapala karaton, dipiwarang ngomong kieu:

¹⁶"Ari anjeun pangrasa teh jadi naon? Hak ti mana anjeun natah cadas nu di lamping pasir keur kuburan sorangan?

¹⁷Bisa jadi anjeun jelema penting, tapi ku PANGERAN bakal diranggeum tuluy dialungkeun.

¹⁸Bakal dialungkeun cara bola ka hiji nagri anu leuwih gede. Bakal paeh di ditu,

gigireun kareta-kareta perang anu ku anjeun sok dipiagul tea. Anjeun teh matak aeb ka kulawarga dunungan.

¹⁹Ku PANGERAN bakal dipocot tina jabatan, digejretkeun tina pangkat luhur."

²⁰Timbalan PANGERAN ka Sibna, "Dina mangsa eta Kami rek ngutus abdi Kami Elyakim bin Hiskia.

²¹Jubah kapangkatan maneh jeung beulitanana rek dipakekeun ka manehna. Kakawasaan anu eukeur dicekel ku maneh rek dipindahkeun ka manehna. Manehna bakal dipibapa ku urang Yerusalem jeung urang Yuda.

²²Rek dibere kawasa anu gembleng sahandapeun raja turunan Daud. Konci-konci karaton sina dicangking ku manehna. Nu geus muka ku manehna moal aya anu nutupkeun. Nu geus nutup ku manehna moal aya anu mukakeun.

²³Kalungguhanana bakal kukuh kawas paku nu geus jero nancebna, tur mawa unggah darajat kulawargana.

²⁴Tapi eta teh bakal dibeungbeuratan ku dulur-dulur jeung baraya-barayana, diparuntangan cara paku paranti ngait-ngaitkeun panci jeung sajabana.

²⁵Lamun hal eta geus kajadian, eta paku anu nancebna pageuh teh bakal coplok tuluy murag. Sakur anu ngarait ka dinya marilu ragrag." Kitu pangandika PANGERAN.

23¹ Ieu pangandika perkara nagara Tirus.
Geura maridangdam, eh tukang-tukang balayar anu keur di tengah laut! Kota palabuan maraneh geus bejad. Imah-imah jeung palabuanana geus burak-barik. Upama kapal-kapal maraneh geus marulang ti Siprus, ieu seja tan wande nyata.

²Eh para sudagar Sidon, geura maridangdam! Maraneh nging-ningkeun jelema

³Mareuntasan laut sina jual beuli gandum hasil bumi Mesir, sina ngayakeun usaha jeung sakabeh bangsa.

⁴Eh nagri Sidon, maneh geus jadi hina! Dasar-dasar laut jeung nagri ka maneh geus henteu ngaku. Pokna, "Kami mah teu boga anak, teu awewe teu lalaki."

⁵Barang nyarahoeun yen Tirus geus diruksak, urang Mesir ge tingrarenjag karageteun.

⁶Eh urang Penesia, geura maridangdam! Geura kalabur sabisa-bisa, ka Sepanyol.

⁷Na enya eta teh nagri Tirus, nu ngadegna ti baheula tur pinuh ku nu matak suka? Na enya eta teh nagri anu sok nging-ningkeun rahayatna mareuntasan laut sina ngawangun babakan-babakan?

⁸Saha nu ngersakeun ieu kajadian narajang ka Tirus, nagri anu diparentah ku raja gede, anu sudagar-sudagarna jalma-jalma anu pangmulyana di dunya?

⁹PANGERAN Nu Maha Kawasa nu ngersakeunana. Mantenna nu ngersakeun, pikeun ngeureunkeun sipatna nu adigung ku beubeunangan usahana, jeung pikeun ngarendahkeun jalma-jalma anu marulya.

¹⁰Eh jalma-jalma anu keur bubuara di Sepanyol, mending geura ngagarap tanah kawas jalma-jalma di sisi Walungan Nil. Ayeuna mah maraneh geus teu boga pamuntangan.

¹¹PANGERAN geus ngangkat panangan rek ngagebruskeun karajaan-karajaan ka laut. Puseur-puseur perdagangan di Penesia geus dipiwarang digempur.

¹²Eh nagri Sidon, maneh moal bisa senang-senang deui. Rahayat maneh geus digencet. Najan kalabur ka Siprus tetep moal saralamet.

¹³(Anu nyerenkeun Tirus sina diranjah ku sato-sato galak teh urang Babul, lain urang Asur. Nya urang Babul anu ngepung Tirus ku munara-munara pangepungan, anu ngaburak-barikna, anu ngarubuhkeun puri-purina.)

¹⁴Eh tukang-tukang balayar nu keur di laut, geura maridangdam! Nagri anu ku maraneh dipiandel teh geus tumpur.

¹⁵Tirus bakal dipopohokeun nepi ka tujuh puluh taun, nurutkeun umur hiji raja. Sanggeus liwat waktu eta, Tirus pijadieun saperti hiji awewe dayang dina ieu lagu:

¹⁶He dayang jomlo! Jig ngamen mawa kacapi, ngider-ngider kota. Sing genah ngacapina, sing getol ngawihna, ambeh maneh payu deui.

¹⁷Sanggeus liwat tujuh puluh taun, Tirus ku PANGERAN rek disina malikan usahana nu baheula, sarta ngalacurkeun dirina ka karajaan-karajaan di sadunya.

¹⁸Tapi duit beubeunanganana mah pikeun PANGERAN, lain keur pakeeun dirina, tapi keur kaperluan hakan jeung pake sakur anu ngabarakti ka PANGERAN.

24 ¹PANGERAN bakal ngaruksak ieu bumi, rek dikosongkeun. Bumi rek diputer balik, pangeusina sina paburisat.

²Jalma-jalmana imam-imam, awam, badega, dunungan, tukang ngajual, nu mareuli, nu boga hutang, nu ngahutangkeun, nu beunghar, nu miskin kabeh bakal sarua nasibna.

³Bumi bakal pasiksak burak-barik. Kitu PANGERAN timbalana-Na, nya kitu pijadieunana.

⁴Bumi bakal garing, alum, sajagat bakal leuseuh, bumi nguyung, langit nguyung.

⁵Jalma-jalma geus ngarurujit ieu bumi ku ngarempak hukum-hukum Allah, jeung alingkar tina perjangjian Mantenna anu langgeng.

⁶Nu matak Allah teh ngaragragkeun panyapa ka bumi. Jalma-jalma kudu nebus sagala dosana, beuki lila jelema teh beuki saeutik.

⁷Pelak anggurna aralum, anggur jadi langka. Jalma-jalma nu asalna sareng, ayeuna jadi prihatin.

⁸Lalaguanana anu sok dikacapikeun geus tara kadenge deui.

⁹Nu ngarinum anggur geus teu jeung hahaleuangan, da ari ngarinum taya nu ngarasa ngeunahna.

¹⁰Nagri jadi kusut. Jalma-jalma ngarerem maneh, nyarumput di imahna masing-masing.

¹¹Jalma-jalma di jalan tinggarero lantaran geus taya anggur. Kabagjaan geus indit ti dinya, leungit salalawasna.

¹²Nagri jadi suwung, panto-pantona geus ngagaloler raruksak.

¹³Kitu pijadieunana ka saban bangsa di dunya, lir tangkal jetun anu geus rugul, buahna geus beak diala, lir anggur kari areuyna, buahna mah geus beak dipetikan.

¹⁴Jalma-jalma anu saralamet bakal ngarawih gumbira. Ceuk jalma-jalma anu di kulon estu agung PANGERAN.

¹⁵Anu caricing di wetan bakal maruji ka Mantenna. Anu caricing di sapanjang basisir bakal maruji ka PANGERAN Allah Israil.

¹⁶Ti dunya bagian-bagian nu pangjauhna kadenge anu maruji ka Israil, bangsa anu bener jeung ibadah. Tapi ari kaula mah geus

teu boga harepan, hate sangsara. Tukang hianat teu eureun-eureun ngahianat, beuki lila beuki banget.

¹⁷ Darengekeun ku sararea ieu omongan kaula! Aranjeun keur didago-dago ku rasa kasieun, ku liang jero, jeung ku pitapak.

¹⁸ Sakur nu kabur nyinkahan kasieun bakal beunang ku liang jero. Anu luput tina liang jero, bakal beunang ku pitapak. Langit bakal bedah, hujan gede ngucur terus ti langit, dasar-dasar bumi aringgeung.

¹⁹ Bumi bakal rengat, seug muruhpu, terus beulah.

²⁰ Bumi galuang-galeong kawas jalma mabok, ruag-rieg kawas saung katebak ku angin gede. Jagat ngarempseyek beurateun ku dosa-dosana, tuluy ngedeprek moal cengkat-cengkat deui.

²¹ Dina mangsa eta pangawasa-pangawasa nu di angkasa jeung raja-raja anu di bumi ku PANGERAN bakal dihukum.

²² Raja-raja teh bakal dikumpulkeun ku Allah kana hiji liang gede, dijieu sakitan, dipanjara di dinya ngadago mangsa hukumanana.

²³ Bulan beuki poek, panonpoe henteu ngempray, sabab PANGERAN Nu Maha Kawasa anu bakal jadi raja. Mantenna bakal marentah di Yerusalem, calikna di Gunung Sion, bakal tembong kamulyaana-Na ka sakabeh pamingpin bangsa.

25¹ Nun PANGERAN, Gusti teh Allah abdi,
abdi seja ngahormat ka Gusti sareng
muji jenengan Gusti. Gusti parantos midamel
nu araheng. Parantos ngabuktoskeun sagala
anu dipastikeun ti kapungkurna.

²Kota-kota ku Gusti dijadikeun ruruntuhan,
puri-purina dirugrugkeun. Karaton-karaton
kenging musuh ngadegkeun parantos musna
salalamina.

³Bangsa-bangsa nu baredas ka Gusti bakal
maruji. Kota-kota bangsa nu lalim bakal
sarerabeun ku Gusti.

⁴Nu sangsara, sareng nu taya daya, ka
Gusti nyaluuh, laluput tina bancang pakewuh.
Dipaparin enggon nyalindung tina angin
topan, dipaparin pangiuhan, sangkan teu
tutung ku panas. Jalma-jalma lalim teh
narempuh, lir topan keur musim tiris,

⁵lir panas manggang tanah keri. Nanging
eta musuh-musuh teh ku Gusti parantos
dibungkem. Gusti parantos ngajempekeun
hahaokna jalma-jalma lalim, lir mega anu
nyirepkeun panasna poe.

⁶Di dieu, di Gunung Sion, PANGERAN
Nu Maha Kawasa bakal ngajamu sakabeh
bangsa sadunya. Sisihanana bangsa utama,
anggurna nu panghadena.

⁷Ti dinya Mantenna bakal ngadadak
nyingkahkeun mendung kasedih anu ngauban
bangsa-bangsa.

⁸PANGERAN Nu Maha Agung bakal numpes ajal maot sina sirna salalawasna! Cipanon ku Mantenna bakal disusut ti unggal panon, sarta umat-Na anu hina jeung sangsara di sakuliah dunya bakal dijait. Kitu timbalan PANGERAN ku manten!

⁹Lamun eta geus kajadian, saban jalma bakal ngucap, "Mantenna teh Allah urang! Urang anu percaya ka Mantenna geus disalametkeun. Mantenna teh PANGERAN! Urang anu percaya ka Mantenna tinggal senang jeung bagja, sabab geus dirahayukeun."

¹⁰PANGERAN bakal nangtayungan Gunung Sion. Sabalikna urang Moab bakal diluluh, diidek cara jarami keur berak.

¹¹Leungeunna roroesan kawas keur ngojay, tapi ku Allah bakal dilalumpuhkeun nepi ka moal bisa nanaon.

¹²Puri-puri Moab jeung kuta-kutana anu laluhur bakal dirugrugkeun rata jeung taneuh.

26 ¹Pidatangeun hiji mangsa, sakur anu araya di nagri Yuda ngarawihkeun ieu lagu: Kota urang tohaga! Allah ku manten bentengna!

²Buka panto-panto kota, bere asup bangsa anu satia, anu rahayatna hade lampahna.

³Gusti maparin kasantosaan, nun PANGERAN, ka sugri nu pangger tujuanana, sarta gaduh kapercayaan ka Gusti.

⁴Sing percaya ka PANGERAN salalawasna,
anu nyarengan ka urang sapapanjangna.

⁵Nu aradigung ku Mantenna direndahkeun,
kotana nu tohaga geus ditumpurkeun,
kuta-kutana tingburulu jadi lebu.

⁶Diparake leumpang ku anu tadina
dikaniaya, ditarincakan ku sarerea.

⁷Nun PANGERAN, nu balageur ku Gusti
dipangdamelkeun jalan, nya leucir nya rata.

⁸Abdi sadaya seja tumut kana pangersa,
sareng muntangkeun harepan. Sugri
panyileukan abdi di Gusti ayana.

⁹Ari wengi hate kumejot ka Gusti. Upami
Gusti parantos ngahakiman ieu bumi
saeusina, nembe maranehna terang naon ari
adil.

¹⁰Nu jarahat, najan ku Gusti disabaran
ge tetep teu daek migarwa nu bener. Di
ieu ge, di nagrina umat anu ibadah, tetep
kalakuanana bakal awon, arembungeun
ngaku kana kaagungan Gusti.

¹¹Musuh-musuh Gusti teu gaduh pangira yen
ku Gusti bakal dihukum. Sina areraeun nun
PANGERAN, sina sangsara, sina nandangan
nyerina hukuman, anu ku Gusti parantos
dipastikeun. Pintonkeun kumaha nyaahna
Gusti ka umat Gusti.

¹²Gusti nu bakal maparin kasantosaan
ka abdi-abdi. Margi sugri anu kahontal ku
abdi-abdi, sayaktosna berkah tina padamelan
Gusti.

¹³Nun PANGERAN, Allah abdi sadaya,
abdi-abdi tadina dikawasaan ku batur.
Nanging ari panutan mah mung Gusti,
PANGERAN.

¹⁴Ayeuna maranehna parantos tariwas,
pamohalan harirup deui. Arwah-arwahna
moal harudang deui, ku Gusti parantos
ditumpes, moal aya anu ngemut-ngemut
deui.

¹⁵Bangsa abdi ku Gusti didamel jembar, nun
PANGERAN, wawatesan wilayahna di unggal
jihat dilegaan, jadi kamulyaan ka salira Gusti.

¹⁶Umat Gusti ku Gusti dihukum, nanging
sajeroning sangsarana, mung ka Gusti
sasambatna, nun PANGERAN.

¹⁷Abdi sadaya ku Gusti disiksa, dugi ka
jejeritan sapertos awewe anu sabroleun
ngajuru pinuh ku kanyeri.

¹⁸Abdi-abdi nandangan kanyeri, nanging
henteu ngalahirkeun naon-naon, ka nagri teu
tiasa ngabaktikeun kaunggulan, teu tiasa
ngarengsekeun naon-naon.

¹⁹Umat Gusti anu parantos tariwas, tangtos
bakal harudang deui, mayit-mayitna bakal
harirup deui. Sanaos parantos sirna di jero
kubur, bakal nyararing deui, lajeng maruji
kalawan suka. Anu maraotna parantos lami
ge tangtos ku PANGERAN dihirupkeun deui,
lir ciibun anu ngagarenclang nyegeran bumi.

²⁰Eh umat, arasup heula maraneh ka
jero imah, panto tulakan. Nyarumput heula

sakeudeung, bari ngadago lelerna bendu Allah.

²¹ Mantenna bakal mios ti panglinggihana-Na di sawarga, kersa-Na ngahukum jalma-jalma eusi bumi ku karana dosa-dosana. Anu maraehan pasti kabitur sanajan sakumaha bunina, kitu deui bumi oge moal ngabunikeun sakur anu enggeus dipaehan.

27 ¹ Dina mangsa eta PANGERAN bakal metakeun kakawasaan jeung pedang-Na anu pikagimireun, bakal ngahukum ka Lewiatan, naga tukang rungkal-ringkel luar-leor, jeung bakal ngabinasakeun mahluk raksasa anu ayana di laut.

² Harita Mantenna bakal sasauran kieu ngeunaan kebon anggur-Na anu pikaresepeun,

³ "Rek dikemitan ku Kami jeung moal elat diseboran. Beurang peuting moal elat dijaga-jaga, supaya ulah aya anu ngaganggu.

⁴ Ayeuna ieu kebon teh matak rudent. Nu bakal ngaganggu hirupna, najan ngan cucuk atawa jukut cucuk tangtu diduruk.

⁵ Kajaba lamun musuh-musuh umat Kami teh harayangeun nyalindung ka Kami, kajeun ari rek akur jeung Kami mah, pek akur jeung Kami."

⁶ Ka hareup mah urang Israil turunan Yakub teh pijadieun lir tangkal, bakal akaran, pucukan jeung kembangan, buahna bakal minuhan saalam dunya.

⁷ PANGERAN ngahukumna ka Israil teh henteu cara ngahukum ka musuh-musuhna, tur anu tariwasna henteu sakumaha lobana.

⁸ Eta umat dihukumna ku PANGERAN teh dipiceun ka pangbuangan, dibawa jauh ku angin tarik ti wetan.

⁹ Dosa-dosa Israel bakal dihampura, nya eta upama batu altar-alter bangsa anu nyembah brahala geus mareklekan kawas apu, jeung altar-alter pangukusan atawa titironan Dewi Asera geus taya nu nyesa.

¹⁰ Kota anu dibenteng teh bakal rubuh, tuluy jadi suwung kawas leuweung kosong, dipake enggon sapi nyatuan jeung enggon ngaubna.

¹¹ Dahan-dahan kakayonna geus pareunggas jeung gararing, diparulungan ku awewe pikeun suluh. Ku sabab eusina teh jelema-jelema anu henteu kapanjingan budi, ku Allah Khalik maranehna teu dipikawelas, teu dihampura.

¹² Dina mangsa eta PANGERAN bakal ngempelkeun umat-Na ti Walungan Eprat nepi ka Mesir, dicandakan saurang-saurang kawas misahkeun feas tina gabah.

¹³ Dina waktuna urang Israil anu di pangbuangan di Asur jeung di Mesir bakal dicalukan ku tarompet, dititah marulang. Seug maranehna marulang, daratang ka Yerusalem, ngabakti ka PANGERAN anu calik di gunung suci.

28¹ Cilaka karajaan Israil! Kamulyaanana mimiti surem. Sarua layuna jeung makuta-makuta tina kembang anu diparake ku para pamingpinna anu geus marabok. Eta anu ngadarangahkeun sirah nu marake seuseungitan teh geus tinggaloler, marabok teu eling-eling.

²Pangeran geus nyayagikeun hiji jalma anu bedas jeung kawasa, sina narajang ka maranehna lir topan jeung hujan es, lir caah anu ngagulidag limpas.

³Kaumangkeuhan eta para pamingpin marabok teh bakal dileyek.

⁴Kajayaan eta para pamingpin nu aradigung teh geus mimiti surem, sarta bakal musna kawas buah kondang cikalna, ari asak ari dipetik dihuapkeun.

⁵Pidatangeun mangsa, pikeun umat-Na anu saralamet, PANGERAN bakal jadi lir makuta mulya tina kekembangan.

⁶Ka sakur nu jadi hakim Mantenna bakal maparin hate nu adil. Ka sakur anu ngabela tina panarajang bakal maparin wawanen.

⁷Malah nabi-nabi jeung imam-imam oge marabok nepi ka sasampoyongan. Ngarinumna anggur jeung arak loba teuing, nepi tingjolonjong titarajong, pikiranana ngaraco. Nabi-nabi kacida mabokna, nepi ka jadi teu paham kana tetenjoan-tetenjoan ti Allah. Imam-imam kacida mabokna, nepi ka

teu bisa deui mutus perkara-perkara anu dibawa ka maranehna.

⁸ Meja anu dirariungna pinuh ku utah, geus teu aya anu beresih.

⁹ Seug ngaromongkeun kaula, pokna, "Saha disangkana anu diwurukan ku manehna teh? Saha nu butuh ku caritana? Nu kitu mah ngan alus pikeun budak anu kakara eureun nyusu!"

¹⁰ Manehna rek ngajar ka urang mani saaksara-saaksara, sabaris-sabaris, sakalimah-sakalimah."

¹¹ Lamun kaula henteu didarengé, engke Allah miwarang jalma asing sina ngawurukan ka aranjeun, make basa anu aneh.

¹² Mantenna teh miwarang reureuh, seja nyenangkeun hate aranjeun. Tapi ku aranjeun teu didarengé.

¹³ Ku sabab kitu Allah bakal mere pangajaran ka aranjeun, saaksara-saaksara, sabaris-sabaris, sakalimah-sakalimah. Geus kitu sagala lengkah aranjeun bakal serba salah. Aranjeun bakal barohak, kasarimped, tuluy ditarangkep.

¹⁴ Darengekeun ku aranjeun, eh nu sarombong, anu ayeuna keur marentah rahayat di dieu, di Yerusalem. Ieu aya timbalan PANGERAN.

¹⁵ Dawuhana-Na, perjangjian anu ku aranjeun dipiagul teh perjangjian jeung ajal, perjangjian jeung dunya anu paraeh. Aranjeun yakin yen najan bahla tea datang

aranjeun bakal salamet, bawaning ku percaya kana bohong jeung tipu.

¹⁶Ayeuna kieu timbalan PANGERAN Nu Maha Agung, "Kami di Sion masangkeun hiji pademen, kuat jeung kukuh. Dina eta pademen Kami nempatkeun hiji batu juru anu ampeg, make tulisan kalimah kieu, Iman nu pengkuh sipatna sabar.

¹⁷Sipatan anu dipake ngukur eta pademen nya eta kaadilan. Tali nu dipake ngudi lempeng nangtungna nya eta kajujuran." Hal-hal bohong anu dipiandel ku aranjeun bakal disapu ku hujan es. Rasa aman aranjeun bakal bedah ku caah.

¹⁸Perjangjian aranjeun jeung ajal bakal dibatalkeun, kitu deui persatujuan aranjeun jeung dunya anu paraeh bakal digagalkeun, nepi ka upama datang bahla, aranjeun moal bisa walakaya.

¹⁹Eta bahla bakal hantem narajang ka aranjeun unggal isuk, unggal beurang, unggal peuting. Unggal aya pangandika anyar ti Pangeran, aranjeun bakal nyareblak.

²⁰Aranjeun bakal kawas nu hees morongkol lantaran dipanna pondok, simbutna heureut.

²¹PANGERAN bakal merangan ka urang cara keur di Gunung Perasim jeung di Lebak Gibon, maksa sangkan pangersa-Na dilampahkeun ku urang. Aheng peta Mantenna teh. Eta padamelana-Na anu aheng teh bakal diteruskeun nepi ka rengse.

²²Ku sabab kitu ieu wawaran kaula teh lain seungseurikeuneun! Lamun keukeuh nyeungseurikeun, bakal tambah sulit aranjeun ngaluputkeun diri. Kaula geus ngadenge putusan PANGERAN Nu Maha Kawasa, yen bakal pasti ngabasmi ieu nagri.

²³Darengekeun ieu omongan kaula, regepkeun ieu caritaan kaula.

²⁴Moal aya jurutani anu lahanna harita diwuluku harita keneh dipelakan.

²⁵Tangtu lahanna teh dirarata heula, kakara diawuran ku sisikian kayaning hades, jinten. Ari binih tarigu jeung hanjeli, eta mah melakna dijajar-jajar. Turut-turut sisi kebonna dipelakan bibinuhan lianna.

²⁶Nyahoeun yen tani teh kudu kitu, kapan geus aya pituduhna ti Allah.

²⁷Nutu hades atawa jinten moal ku halu gede jeung beurat, tangtu ku anu ukuran meujeuhna.

²⁸Nya kitu deui anu ngirik gandum, moal dihaben ku gegedig nepi ka ajur, da nyahoeun yen kudu digeleng ku padati tapi ulah nepi ka bubuk.

²⁹Kanyaho kitu teh kabeh ti PANGERAN Nu Maha Kawasa. Estu agung hikmah Allah, tur kabeh moal aya nu bisa ngahalang-halang.

29¹Cilaka Yerusalem, kota nu disebutna Altar Allah! Cilaka eta kota pakemahan Daud teh! Ingkeun heula katut sagala pesta jeung perayaanana sataun dua taun deui.

²Eta kota nu disebut "Altar Allah" teh bakal katarajang bahla ti Allah. Sakuliahna pijadieun lir altar anu lamokot ku getih, pinuh ku nu tingkoceak tingharegung.

³Ku Allah bakal dikepung, ditarajang.

⁴Yerusalem pijadieun lir jurig anu keur ah-eh ti jero taneuh hayangeun nyoara, sorana lapat-lapat kaluar ti jero taneuh ngebul.

⁵Tapi eh Yerusalem, musuh-musuh nu narajang teh bakal beresih kawas kekebul dikebut ku angin. Musuh anu pikagimireun teh bakal tingkoleang kawas kalakay. Sabab kalawan teu kasangka-sangka

⁶PANGERAN Nu Maha Kawasa bakal ngadadak ngaluputkeun maneh ku guludug tingbeledag jeung ku lini. Mantenna bakal ngebut angin ribut jeung nurunkeun seuneu anu ngalebur.

⁷Pasukan-pasukan musuh anu keur nempuh kota Altar Allah teh bakal sirna katut pakarang-pakarang jeung sagala kaperluanana, lir hiji impian, lir tetenjoan goreng ti peuting.

⁸Bangsa-bangsa anu arek ngagempur Yerusalem pijadieun ibarat anu keur lapar ngimpi dahar, ari lilir angger lapar, ibarat nu keur halabhab ngimpi nginum, ari lilir tikorona angger garing.

⁹Pek terus kitu, sing jadi bodo! Pek terus kitu, sing lolong! Sing dalugdag-daligdeug najan teu nginum anggur sakeclak.

¹⁰ Maneh ku Allah diragragan tunduh, hees ngaguher. Nabi-nabi maneh nu minangka panon maneh ku Allah geus dipeungpeunan.

¹¹ Jadi mun aya tetenjoan teh moal aya nu muka maksudna, ibarat surat nu disegel. Sanajan lamun dibawa ka nu bisa maca ge bakal dijawab teu bisa, sabab disegel.

¹² Menta dipangmacakeun ka nu teu bisa komo, jawabna teu ngarti.

¹³ Dawuhan Pangeran, "Ieu bangsa majar ngaku ka Kami teh ngan semet biwir, teu terus jeung hatena. Agamana taya lian ti aturan-aturan jeung tali paranti beunang nyieun jalma. Eta bae anu diarapalkeunana teh.

¹⁴ Ku sabab kitu ku Kami rek disina kalabur pangacianana, moal eureun-eureun dibere pikareuwaseun. Ahli-ahlina anu palinter bakal leungit pangartina, kapinteranana moal aya gawena."

¹⁵ Cilaka sakur anu nyumputkeun pakarepan ti PANGERAN! Ceuk pamikir maranehna sagala niat jeung sagala kalakuanana teh moal aya nu nenjoeun, moal aya nu nyahoeun, rikip.

¹⁶ Sagala perkara ku maranehna diputer balik. Ari pariuk naha leuwih ti batan anu nyieunna? Bisaeun hiji barang ngomong ka anu nyieunna, "Kuring lain beunang nyieun anjeun"? Atawa, "Anjeun euweuh kabisa"?

¹⁷ Aya basa, "Sakeudeung deui ge leuweung rembet bakal jadi kebon, kebon jadi leuweung deui."

¹⁸ Lamun waktuna geus cunduk, nu torek bakal bisa ngadengekeun kalimah-kalimah kitab anu dibaca tarik. Nu lalolong, anu panonna poek bae, bakal bareunta barisa nenjo.

¹⁹ Anu mariskin jeung nu salangsara bakal ngarasa deui bagja ti PANGERAN, Allah Israil nu suci.

²⁰ Tukang-tukang nganiaya sasama hirup sarta ngahina ka Allah bakal dieureunkeun. Anu jarahat kabeh bakal dibasmi.

²¹ Tukang-tukang mitenah, tukang-tukang nyegah ragragna hukum ka nu jarahat, tukang-tukang ekol sangkan anu jujur eleh perkara, tangtu ditumpes ku Allah.

²² Ku sabab kitu, kieu timbalan PANGERAN Allah Israil anu ngajait Ibrahim tina kasusahanana, "Eh umat, ayeuna maraneh teh moal nandangan deui kahinaan, moal parias ku kaera.

²³ Ana maraneh nenjo ka anak paparin ti Kami, bakal ngaraku yen Kami teh Allah panutan Israil. Maraneh bakal ngamulyakeun ka Kami, bakal alajrih.

²⁴ Nu barodo bakal dialajar pangarti, tukang-tukang gegelendeng bakal mareunang pangajaran, bakal aratoheun."

30¹ PANGERAN geus ngadawuh: "Cilaka anu marentah di Yuda! Ngaralawan ka Kami! Marake tarekah lain ti Kami, nanda perjangjian anu teu cocog jeung Kami, nambah-nambah bae dosa.

² Maranehna arindit menta pitulung ka Mesir, teu menta nasehat heula ka Kami.

³ Padahal eta teh moal bisaeun nulung, panangtayunganana bakal goreng balukarna.

⁴ Utusan maranehna geus narepi ka Mesir, geus araya di Soan jeung Hanes.

⁵ Urang Yuda bakal kaduhung geus mercayakeun maneh ka bangsa anu taya kamampuhna, anu bakal ngabuyarkeun harepanana dina waktuna butuh ku pitulung."

⁶ Kieu pangandika Allah ngeunaan sasatoan gurun keusik beulah kidul: "Aya utusan-utusan ngambah tempat-tempat bahaya, enggon singa jeung oray matih jeung naga hiber, mawa barang nu marahal dimuatkeun kana kalde jeung onta, pikeun tanda-mata ka bangsa anu moal bisaeun nulung naon-naon.

⁷ Pitulung Mesir moal aya gawena. Anu matak Mesir ku Kami dilandi Naga lumpuh."

⁸ Allah miwarang supaya sim kuring nyatet kalakuan eta jelema-jelema dina kitab, siga kumaha kalakuanana teh, supaya salawasna kacatet kumaha darorakana.

⁹ Kalakuanana ngan ngalawan bae ka Allah, arembungeun nurut kana pituduh-pituduh PANGERAN.

¹⁰Nabi-nabi dititah baralem. Carekna, "Ka kuring mah tong ngomong naon nu bener. Mending oge ngomong perkara kahayang kuring. Geus, geura ka ditu, kuring rek mikiran panglamunan.

¹¹Haling, ulah ngaheurinan jalan! Kuring teu hayang ngadenge perkara Allah Israil nu suci."

¹²Tapi dawuhan Allah Israil nu suci kieu: "Timbalan Kami ku maraneh teu didenge, kalah ka mihapekeun maneh ka nu nya bengis nya panipuan.

¹³Salah eta! Maraneh teh ibarat tembok luhur anu geus rengat ti luhur ka handap, bakal ujug-ujug ngagebru.

¹⁴Moal teu remuk kawas pariuk, bubuk pisan, sesemplekanana ge moal aya nu cukup gedena keur paranti nyiuk ruhak atawa caitina kobokan."

¹⁵PANGERAN Nu Maha Agung, Allah Israil nu suci, nimbalan kieu ka eta umat, "Geura baralik ka Kami, pihapekeun diri ka Kami, tan wande maraneh kuat jeung reugreug." Tapi maraneh arembung!

¹⁶Kalah ka mikir arek kalabur ti musuh, lumpat tarik make kuda pedah boga kuda nu tarik lumpatna. Nu ngudag mah komo kudana leuwih tarik!

¹⁷Maraneh sarebu, ku serdadu musuh hiji ge geus ngacir. Kakara ku lima serdadu ge maraneh moal teu jicir. Balad maraneh moal

nyesa, kari gagang bandera sahiji culangeuk
di luhur pasir!

¹⁸Sangkilang kitu ge maraneh mo burung
dihampura ku PANGERAN, mo burung
diajeng-ajeng jeung dipikawelas, da
Mantenna mah dina sagala perkara bener
sapapanjangna. Bagja sakur anu nyalindung
ka PANGERAN.

¹⁹Maraneh anu di Yerusalem moal ceurik-
ceurik deui, PANGERAN anu ngalilipur. Ana
maraneh sasambat ka Mantenna tangtu
didangu.

²⁰Maraneh bakal disorangkeun kana jaman
anu werit, tapi bakal diaping jeung dipaparin
pituduh ku Pangeran. Jadi maraneh teu kudu
culak-cileuk neangan Mantenna.

²¹Mun maraneh nyimpang ka kenca atawa
ka katuhu, Mantenna bakal ngagentaan ti
tukangeun, "Ieu jalanna, tuturkeun!"

²²Brahala-brahala maraneh anu dilapis
ku perak jeung emas, ku maraneh bakal
dipiceunan kawas bubututan. Ceuk maraneh
ka eta brahala-brahala, "Jor ka ditu!"

²³Mun maraneh melak bibinihan, Pangeran
bakal nurunkeun hujan sangkan pepelakan
maraneh marontok, supaya loba hasilna.
Sampalan pikeun sapi moal kurang.

²⁴Sapi jeung kalde pikeun ngawuluku,
parabna harade.

²⁵Dina mangsa eta, sanggeus benteng-
benteng musuh maraneh geus kajabel sarta

jelema-jelemana geus diparaehan, ti saban gunung jeung pasir bakal cur-cor walungan.

²⁶Bulan caangna lir panonpoe, panonpoe caangna tujuh kalieun, lir caang pikeun tujuh poe disapolkeun. Pijadieunana kitu teh upama PANGERAN geus ngabeberan jeung nyageurkeun raheut-raheut umat-Na tapak mantenna ngarangketan.

²⁷Kakawasaan jeung kamulyaan PANGERAN bakal tembong ti kajauhan. Ana Mantenna bendu tembong seuneu jeung haseup. Ana ngadawuh, kalimah-kalimah-Na lir seuneu anu ngahuru.

²⁸Mantenna nginditkeun angin di payuneuna-Na, lir cai caah malidkeun sagala rupa. Bangsa-bangsa dikebut diubrak-abrik, pegat sagala paniatanana anu jarahat.

²⁹Tapi maraneh mah, eh umat Allah, bakal barungah jeung bakal nyaranyi kawas dina pesta suci, halegar kawas nu keur baris dipirig ku sora suling ngajugjug Bait Allah. PANGERAN teh panulung Israil.

³⁰Unggal jalma ku PANGERAN bakal disina ngadenge gentra-Na nu agung, jeung disina ngarasa kahebatan bendu-Na. Bendu-Na bakal nimbulkeun seuneu, ngabedah mega, hujan es, jeung hujan angin.

³¹Urang Asur tagiwur ku gentra PANGERAN jeung ku kahebatan hukuman ti Mantenna.

³²Waktu maranehna ku PANGERAN disiksa teu eureun-eureun, umat Mantenna teu

eureun-eureun narabeuh tambur jeung kacapi. Allah ku manten anu bakal merangan urang Asur.

³³Ti baheula keneh geus aya hiji tempat enggon seuneu anu ngagegedur, anu bakal ngaduruk raja Asur. Tempatna jero jeung lega, suluhna ngabugbrug kari nyundut ku seuneu anu bijil tina napas PANGERAN.

31 ¹Picilakaeun nu keur arindit ka Mesir rek marenta tulung teh! Ngarepna ka Mesir dumeh Mesir boga balad anu kuat, boh pasukan kudana, boh pasukan karetana, boh prajurit-prajuritna. Percayana lain ka PANGERAN, Allah suci Israil. Menta tulungna lain ka Mantenna.

²Mantenna uninga kana salampah-lampah maranehna. Mantenna ngadatangkeun bahla. Eta bangsa anu goreng kalakuanana, kitu deui anu nangtayunganana bakal dihukum.

³Urang Mesir lain dewa-dewa, manusia ilahar bae. Pasukan kudana lain kuda sakti. Lamun PANGERAN enggeus ngawitan, najan eta bangsa teh kuat tangtu bakal ngudupung, kitu keneh bangsa lemah anu ditulunganana. Duanana ge bakal binasa.

⁴PANGERAN ngadawuh ka kaula, "Teu paduli kumaha tingjareritna jeung tinggorowokna para pangongan, singa moal sieuneun nepi ka ngalesotkeun mangsa beunang maehanana; Kami oge, PANGERAN Nu Maha Kawasa,

moal beunang dihalang-halang enggong
nangtayungan Gunung Sion.

⁵Kami, PANGERAN Nu Maha Kawasa rek ngaraksa jeung ngabelaan Yerusalem, kawas manuk anu kekeleperan deukeut sayangna ngabelaan anakna."

⁶PANGERAN nimbalan, "Eh urang Israil!
Maraneh teh baheula, baha ka Kami. Tapi
hiap baralik deui!"

⁷Bakal aya mangsa maraneh bakal miceunan arca-arca beunang maraneh nyieunan tina perak atawa emas.

⁸Nagri Asur bakal tumpur perangna, tapi lain ditumpurkeun ku manusa. Urang Asur bakal kalabur ti medan perang, jalma-jalmana anu ngarora teh bakal jaradi badega.

⁹Rajana bakal kabur bari tagiwur. Para panglima bakal kaeunteupan ku kasieun anu pohara nepi ka cul bandera perang." Kitu timbalan PANGERAN anu disembah jeung dihaturanan kurban beuleuman di Yerusalem.

32¹Engke bakal aya hiji raja anu ngarajaanana satuhuna, jeung bakal aya pamingpin-pamingpin bangsa anu marentahna adil.

²Aranjeunna ibarat tempat nyalindung ari keur hujan jeung angin, ibarat kokocoran cai di tanah keri, ibarat batu gede di tengah tegal garing pikeun ngiuhan.

³Panon jeung ceulina maruka kana kasusah-kasusah rahayat.

⁴ Marentahna lain ku sentak jeung haok.
Asak sasar, ana nyarita dipikir heula.

⁵ Anu burung ku aranjeunna moal disebut
luhung, anu baragajul moal disebut jelema
jujur.

⁶ Anu burung, omonganana ngacapruk, eusi
hatena ge goreng. Lampah jeung ucapna
ngagogoreng ka PANGERAN, jeung cadu mere
dahar ka nu lapar mere cai ka nu hanaang.

⁷ Nu gejul, adat jeung lampahna goreng,
karepna ngan ngarah jeung macikeuh ka
nu eukeur kasangsara, megatan hak jalma
malarat.

⁸ Sabalikna nu berbudi mah lampahna
satuhu, teguh dina perkara nu bener.

⁹ Eh awewe-awewe anu keur garenah hirup,
anu taya kasalempang, dengekeun ieu
omongan.

¹⁰ Maraneh ayeuna keur garenah, tapi taun
hareup mah bakal rarumahuh. Sabab moal
aya anggur alaeun.

¹¹ Hirup maraneh ayeuna gampang, taya
kahariwang. Engke malah bakal pinuh ku
kasieun! Geura ganti pakean ku karung.

¹² Teunggeulan harigu, tembongkeun ulat
susah. Sabab tanah lendo jeung kebon-kebon
anggur geus lebur,

¹³ sakuliahna geus pinuh ku rungkun cucuk
jeung jukut cucuk. Geura ceungceurikan
imah paranti maraneh senang-senang.

Geura ceungceurikan kota tempat maraneh suka-suka.

¹⁴Karaton ge bakal sepi, ibu kota bakal jempling. Puri-puri jeung munara-munara anu ngawal maranehna bakal rata jeung taneuh, jadi tempat liar kalde alas, tempat nyaratuan domba.

¹⁵Tapi Allah bakal maparin deui sumanget ka urang. Tanah anu geus kalantar teh bakal lendo deui, lahan-lahan bakal pinuh deui ku pepelakan.

¹⁶Di sakuliah tanah, di mana-mana pinuh ku perkara anu bener jeung adil.

¹⁷Ku lantaran unggal jalma lampahna bener, tanah teh bakal aman santosa sapapanjangna.

¹⁸Umat Allah bakal bebas tina kasalempang, rumah tanggana bakal repeh-rapih reugreug pageuh.

¹⁹(Tapi leuweung-leuweung bakal katinggang ku hujan es, sarta kota bakal ruksak.)

²⁰Unggal jelema bakal ngarasa bagja, pepelakanana sugih ku cai, loba sampalan pikeun kalde jeung sapi, tur aman.

33¹Picilakaeun musuh urang! Ayeuna ngan rarampog jeung nипу, ari maranehna mah tara dirampog tara ditipu. Tapi rarampogna bakal eureun, nipuna bakal enggeusan, sabalikna maranehna anu bakal dirampogan jeung ditipu.

²Nun PANGERAN, abdi-abdi nyuhunkeun piwelas, sumeja muntang. Siang-wengi nyuhunkeun diraksa, hoyong kaluar tina kasukeran.

³Waktos Gusti mangmerangankeun abdi-abdi, bangsa-bangsa kalabur ti pangperangan anu gumuruh,

⁴harta bandana diranjah jadi jarahan.

⁵Maha Agung PANGERAN! Mantenna ngasta saniskara. Yerusalem ku Mantenna dieusi ku kaadilan jeung kasatuhuan.

⁶Bangsa teh ku Mantenna disina reugreug. Umat-Na salawasna diraksa, dipaparin hikmah jeung pangarti. Harta maranehna anu pangmulyana nya eta rasa hormat ka PANGERAN.

⁷Tuh jalma-jalma prawira tingjarerit tulung-tulungan. Para utusan anu rek marenta rapih kabeh careurik.

⁸Jalan-jalan gede sepi taya jalma anu ngulampreng, sabab kacida balyana. Perjangjian-perjangjian karapihan aludar, hasil-hasil mupakat garagal. Jalma-jalma geus henteu silih hargaan.

⁹Tanahna jadi mubadir, suwung. Leuweung-leuweung di Libanon ngalakay. Lebak Saron anu subur jadi gundul. Dangdaunan di tanah Basan jeung Gunung Karmel murudul.

¹⁰Dawuhan PANGERAN ka bangsa-bangsa, "Ayeuna Kami rek meta, rek nembongkeun kumaha kawasana Kami.

¹¹ Rarancang maraneh kabeh bakal mubadir,
gaplah sagala tarekah. Roh Kami lir seuneu,
maraneh bakal diduruk.

¹² Maraneh bakal ngaley kawas batu kapur
dibeuleum jadi apu, kawas cucuk diduruk jadi
lebu.

¹³ Jalma-jalma jauh deukeut bakal nyaraho
kana damel jeung pangawasa Kami."

¹⁴ Urang Sion anu daroraka bakal ngarompod
kasieunan. Jeung carekna, "Hukuman ti
Allah teu beda ti seuneu anu salawasna
ngagegedur. Bisa urang luput tina seuneu
sakitu gedena?"

¹⁵ Bisa, asal bener ucap jeung lampah.
Ulah jahat ka nu malarat kena-kena kuat,
ulah beunang kasogok ku pangruruba. Ulah
sapongkol jeung nu boga niat maehan atawa
jeung nu boga kalakuan jahat lianna.

¹⁶ Lamun kitu geus tangtu maraneh salamet,
bakal aman kabina-bina lir aya di jero
benteng anu tohaga tur cukup dahareun
jeung inumeun.

¹⁷ Maraneh bakal ngalaman deui boga raja
anu mulya di tanah anu pohara legana.

¹⁸ Kasieun maraneh bareto ku mata-mata
jeung ku urang asing purah narik pajeg moal
kaalaman deui, kari dina ingetan.

¹⁹ Urang asing anu garumede, anu basana
ku maraneh teu kaharti, moal katenjo-tenjo
deui.

²⁰Tenjo Sion, kota tempat urang riungan jeung ngayakeun pesta-pesta kaagamaan! Tenjo Yerusalem! Bakal pohara reugreugna eta pamatuhan teh! Ibarat kemah anu moal pindah-pindah, patok-patokna parageuh nancebna, tali-talina moal pegat.

²¹Urang bakal maratuh di sisi walungan-walungan anu galede, lalega, tapi kapal-kapal musuh moal bisa layar di dinya.

²²(33: 22-23) Tali layar kapal-kapal musuh tanpa guna, lantaran layarna tingkulapes! Barang-barang musuh bakal dirampasan ku urang. Barang-barangna kacida lobana, nepi ka jelema lumpuh ge kabagian. PANGERAN ku manten anu bakal jadi raja urang, anu marentah jeung ngaraksa urang.

²³(33: 22)

²⁴Anu maratuh di tanah urang moal aya anu udah-aduh ku panyakit, sarta dosa-dosa kabeh bakal dihampura.

34¹Eh jalma-jalma sagala bangsa, ka darieu kumpul, darengekeun! Sakuliah bumi jeung pangeusina, ka darieu kumpul, darengekeun!

²PANGERAN bendu ka sakabeh bangsa jeung balad-baladna. Ku Mantenna geus dipastikeun bakal dibasmi.

³Bangke-bangkena moal dikubur, dantep sina baruruk barau. Gunung-gunung bakal cipruk ku getih.

⁴ Panonpoe, bulan, bentang-bentang, bakal ngeprul jadi lebu. Langit bakal leungit, ngagulung kawas samak. Bentang-bentang tingkoleang maruragan kawas daun anggur atawa daun kondang.

⁵ PANGERAN di sawarga geus nyabut pedang, rek nyabetan urang Edom. Eta jelema-jelema ku PANGERAN geus ditakdirkeun bakal dibasmi.

⁶ Pedang Mantenna bakal lelemeran ku getih jeung gajih maranehna, teu beda ti lamokot ku getih jeung gajih anak domba jeung embe anu dipeuncitan dijieun kurban. Maranehna ku PANGERAN dijagal di kota Bosra. PANGERAN di tanah Edom bakal ngayakeun jagal gede.

⁷ Jalma-jalma bakal tinggareblug lir banteng leuweung jeung sapi jalu rubuh. Bumi bakal cipruk ku getih jeung gajih.

⁸ Nya harita waktuna PANGERAN bakal ngajait Sion, sarta musuh-musuh Sion dibales.

⁹ Walungan-walungan di Edom bakal jadi ter, taneuhna jadi walirang. Nagrina sakuliahna jadi kawas ter anu diduruk.

¹⁰ Ngagedurna beurang peuting, haseupna meleketek teu eureun-eureun. Eta nagri bakal jadi ruruntuhan turun-tumurun, moal aya anu ngaliwat-liwat acan ka dinya.

¹¹ Sakuliah eta tanah bakal jadi enggon bueuk jeung gagak. Ku PANGERAN disina

suwung jeung kosong deui, sakumaha tadina basa samemeh jaman ngajadikeun.

¹²Di dinya moal aya deui raja, para pamingpinna bakal musna.

¹³Urut karaton-karaton jeung kota-kota anu make kuta bakal pinuh ku cucuk jeung jukut cucuk, jadi pangabetah ajag jeung anjing leuweung,

¹⁴enggon sato galak tinggulandang, enggon setan-setan silih geroan, ririwa lenga-lengo neangan keur enggon hees.

¹⁵Bueuk-bueuk nyarieun sayang, ngarendog jeung megarkeun sarta ngajaga anak-anakna. Manuk bangke bakal daratang pasusul-susul, kumpul di dinya.

¹⁶Teangan dina kitab PANGERAN anu medar hal sagala mahluk anu kumelip, baca kumaha unina. Eta mahluk-mahluk sarupa ge moal aya nu leungit, tur masing-masing katut papasanganana, kitu ditimbalkeunana ku PANGERAN. Mantenna ku anjeun nu bakal ngumpulkeunana.

¹⁷Nya PANGERAN anu ngabagi-bagi eta tanah keur enggon eta mahluk-mahluk, sabagianana-sabagianana. Ngarengonna di dinya turun-tumurun ti jaman ka jaman deui, eta tanah enggon pangabetahna salalanggengna.

35¹Tanah keri bakal suka seuri. Tegal garing bakal pinuh ku kekembangan.

²Gurun keusik bakal ngawih jeung surak,
jadi endah lir gunung-gunung di Libanon,
lendo lir kebon-kebon di Karmel jeung Saron.
Kamulyaan Allah, agung-Na, kawasa-Na,
bakal tembong ka unggal jalma.

³Tegerkeun leungeun nu ngaplek,
jagjagkeun tuur anu nyorocod.

⁴Bejakeun ka anu keur laleutik hate: "Sing
teger, tong sieun! Allah sumping baris ngajait,
jeung ngahukum musuh maraneh."

⁵Nu lolong bakal bisa nenjo, nu torek bakal
bisa ngadenge.

⁶Nu lumpuh bakal bisa luncat jeung
ngigel, nu pireu bakal bisa susurakan.
Kocoran-kocoran cai bakal ngalocor di gurun
keusik.

⁷Keusik anu semu hurung bakal jadi talaga,
tanah kelang bakal pinuh ku cinyusu, jadi
pangabetah ajag, manjah jeung kaso jaradi.

⁸Bakal aya jalan ngabulungbung, ngaranna
"Jalan Kasalametan". moal katincak ku
jalma jahat. Anu nyorang eta jalan, moal
kasasabkeun ku anu gejul.

⁹Singa jeung sato galak lianna, moal aya
nu liwat ka dinya. Sakur anu geus dijait ku
PANGERAN, marulangna make eta jalan.

¹⁰Bakal narepi ka Yerusalem bari barungah,
ngarawih, garerah. Maranehna bakal bagja
salalawasna, moal nandangan deui kasusah
jeung kanalangsaan.

36¹ Dina taun kaopat belas Hiskia jadi raja Yuda, kota-kota benteng Yuda dirurug ku Sanherib raja Asur sarta karebut.

² Geus kitu Raja Asur ngirim pajabat luhurna ti Lakis ka Yerusalem mawa pasukan gede, menta supaya Hiskia taluk. Sanggeus nepi ka kota, eta pajabat jeung pasukanana eureun di hiji jalan tempat tukang-tukang minatu digarawe, deukeut solokan anu ngocor ti empang girangeunana.

³ Tuluy ditepungan ku urang Yuda tiluan, ku Elyakim bin Hilkia, mantri karaton, Sebna, panitera karaton, jeung Yoah bin Asap, bendahara karaton.

⁴ Eta pajabat Asur nyarita yen rajana palay uninga, naon nu jadi andelan Raja Hiskia nu matak wani ngalawan.

⁵ Kieu deui carekna, "Marukan ari kakuatan jeung kaahlian perang teh beunang ku omong wungkul? Rek menta dibantu ku saha nu matak wani barontak ka Asur?

⁶ Maraneh ngaharep ka raja Mesir anu teu beda ti iteuk kaso, babari pites, ari geus pites tuluy nojos kana leungeun sorangan. Siga kitu kaayaan raja Mesir anu diarep-arep pitulungna teh."

⁷ Terus deui, "Atawa sugaran rek ngaku boga andelan PANGERAN, Allah maraneh tea? Kapan eta mah altar-altar jeung kuil-kuilna geus diruksak ku Hiskia, da carek eta raja

urang Yuda jeung urang Yerusalem teh mun ngabakti kudu make saaltar bae.

⁸Ayeuna, kalawan asmana gusti kami raja Asur, kami daek mere ka maraneh dua rebu kuda, asal maraneh sanggup ngayakeun prajuritna.

⁹Pamohalan maraneh kuat ngelehkeun perwira-perwira Asur, najan perwira Asur nu panghandapna. Parandene make hayang dikirim kareta perang jeung pasukan kuda ku urang Mesir.

¹⁰Dikira kami nempuh nagri maraneh nepi ka tumpur teh henteu dibantu ku PANGERAN? Malah PANGERAN anu marentah nempuh jeung ngagempur oge."

¹¹Elyakim, Sebna jeung Yoah miatur ka eta gegeden, "Saena mah sasauran ku basa Aram bae, kaula ngarti. Ulah ku basa Ibrani, margi kakuping ku rahayat anu di luhur kuta."

¹²Ari jawabna, "Dikira kami diutus ku raja nepikeun ieu hal teh ngan ka maraneh bae? Lain! Kami nyarita teh ka maraneh jeung ka itu nu dariuk dina kuta, anu engke bakal ngahakan kotoran sorangan jeung ngarinum cikiihna sorangan, sakumaha niat maraneh."

¹³Geus kitu eta gegeden teh nangtung tuluy ngagorowok ku basa Ibrani, "Darengekeun timbalan raja Asur!

¹⁴Raja kami ngelingan, maraneh ulah kabawakeun ku Hiskia. Hiskia moal bisa nyalametkeun maraneh.

¹⁵ Ulah kawujuk ku manehna anu ngajak nyarandu ka PANGERAN. Tong ngaharep PANGERAN bakal nulungan atawa nyegah balad Asur ngarebut kota maraneh.

¹⁶ Tong narurut ka Hiskia! Parentah raja Asur, maraneh kudu kalaluar ti jero kota, pasrahkeun diri ka kami. Maraneh bakal diidinan ngahakan anggur ti kebon sorangan, buah kondang tina tangkal pelak sorangan, ngarinum ti sumur sorangan,

¹⁷ nepi ka maraneh engke dibere tempat ku raja kami, anu leuwih ti batan ieu kota. Hayang nginum anggur, kebon anggurna aya. Harayang nyieun roti, kebon gandumna aya.

¹⁸ Ulah kabobodo ku Hiskia. Ulah malikir bakal disalametkeun ku PANGERAN. Dewa bangsa mana anu geus bisa nyalametkeun nagrina tina panangan raja Asur?

¹⁹ Coba, mana dewana urang Hamat jeung dewana urang Arpad? Mana dewana urang Separwaim? Aya anu bisa nyalametkeun kota Samaria?

²⁰ Cik iraha dewa-dewa eta kota-kota, nyalametkeun kotana ti panangan raja kami? Jadi naon dasarna maraneh boga pangira yen PANGERAN sanggupeun nyalametkeun Yerusalem?"

²¹ Jalma-jalma mani jempling, turug-turug memang kitu ditimbalanana ku Raja Hiskia, jadi teu aya nu kecet-kecet.

²²Elyakim, Sebna jeung Yoah nyosoeh pakeanana bawaning ku nalangsa, tuluy arasup deui ka jero kota rek ngunjukkeun ka rajana ucapan-ucapan eta pajabat Asur.

37 ¹Barang Raja Hiskia ngadangu laporanana, anjeunna nyosoeh anggoanana tuluy diganti ku karung. Ti dinya angkat ka Bait PANGERAN.

²Elyakim mantri karaton, Sebna panitera karaton, jeung sawatara imam sepuh, ku anjeunna dipiwarang ka Nabi Yesaya putra Amos. Aranjeunna ge ditaraju karung.

³Pesen anu kudu diunjukkeun ka Yesaya kieu, "Dinten ieu urang kenging tunggara, keur dihukum, kedah nandang kahinaan. Urang teh ibarat awewe bade ngajuru henteu tiasa brol margi tanaga kacida lemahna.

⁴Raja Asur parantos ngintun pajabatna ngahina ka Allah anu jumeneng. Mugia PANGERAN Allah anjeun ngadangu eta panghina sareng ngahukum jalmina. Mugia rahayat anu harirup keneh dipangnedakeun ka Allah."

⁵Sanggeus eta pesen raja katampi ku Yesaya,

⁶anjeunna ngawaler, "Timbalan PANGERAN, Raja ulah rejag ku panggebrag urang Asur anu susumbar yen PANGERAN moal iasaeun nulung.

⁷ Eta raja ku PANGERAN bakal ditagiwurkeun nepi ka mulang ka nagrina, sarta di nagrina bakal aya nu maehan."

⁸ Pajabat utusan tea geus nyahoeun yen rajana geus indit ti Lakis, keur merangan kota Libna anu deukeut ka dinya, tuluy disusul.

⁹ Geus kitu aya seja ka urang Asur yen balad Mesir anu dikapalaan ku Raja Tirhaka ti Sudan keur maju rek narajang ka maranehna. Sanggeus raja Asur ngadangu eta seja, seug ngirim surat ka Raja Hiskia,

¹⁰ raja nagri Yuda, eusina: "Allah andelan maneh geus ngabejaan ka maneh, cenah maneh moal ragrag kana leungeun kami. Ulah percaya.

¹¹ Maneh geus ngadenge naon anu dilampahkeun ku raja Asur, ka nagri mana bae anu geus ditangtuken kudu diancurkeun. Dikira maneh bakal luput?

¹² Karuhun kami geus ngancurkeun kota-kota Gasan, Haran, Resep, jeung numpes urang Bet-Eden anu di Telasar. Dewa-dewana hiji ge euweuh anu bisaeun nulung.

¹³ Mana raja urang Hamat, raja urang Arpad, raja urang Separwaim, raja urang Hena, jeung raja urang Iwa?"

¹⁴ Eta surat ku Raja Hiskia dicandak ti nu nganteurkeun tuluy diaos. Ti dinya anjeunna angkat ka Bait Allah, surat teh diteundeun di payuneun PANGERAN.

¹⁵ Tuluy anjeunna sasambat kieu,

¹⁶"Nun PANGERAN Nu Maha Kawasa,
Allah Israil, anu linggih dina tahta iuhureun
mukarabin! Mung Gusti anu jumeneng Allah,
anu ngasta karajaan-karajaan di sajagat.
Gusti ngadegkeun bumi sareng langit.

¹⁷Nun PANGERAN, dangukeun panyambat
abdi sadaya. Tingali kaayaan anu ngancam
ka abdi sadaya. Dangukeun susumbarna
Sanherib anu ngahina ka Gusti, Allah anu
jumeneng.

¹⁸Leres nun PANGERAN, abdi terang
yen seueur pisan bangsa anu parantos
diancurkeun ku raja-raja Asur, nagri-nagrina
jadi suwung,

¹⁹brahala-brahala didurukan, kawantos
eta brahala-brahala teh sanes Allah, mung
titironan tina kayu tina batu, jijieunan
leungeun jalmi.

²⁰Nun PANGERAN Allah abdi sadaya,
leupaskeun abdi sadaya ti urang Asur,
supados bangsa-bangsa sajagat tarerangeun
yen mung Gusti anu jumeneng Allah."

²¹Yesaya ngintun amanat ka Raja Hiskia,
yen waleran kana panyambat anjeunna teh

²²timbalan PANGERAN kieu, "Eh Sanherib,
saenyana maneh teh diseungseurikeun ku
kota Yerusalem, dihampas.

²³Dikira ku maneh saha eta anu digogoreng
jeung dihina-hina teh? Maneh cempelak ka
Kami, Allah Israil nu suci!

²⁴ Maneh ngirim badega sina susumbar ka Kami, magar maneh jeung pasukan-pasukan kareta geus bisa ngelehkeun pagunungan Libanon nu pangluhurna. Maneh gumede pedah geus bisa ngagempur tangkal-tangkal kiputri anu pangjangkungna jeung kijamuju nu pangalusna. Nyombong geus bisa ngacak-ngacak leuweung anu pangjerona.

²⁵ Nyombong geus nyieun sumur-sumur di nagri-nagri batur, sarta Walungan Nil ku serdadu-serdadu maneh geus diidek nepi ka garing.

²⁶ Karah can meunang beja yen eta sagala perkara teh geus meunang Kami ngatur ti baheula? Ayeuna eta geus laksana, ku Kami eta teh! Maneh ku Kami dibere kawasa ngaburak-barik kota-kota benteng sina ajur lebur.

²⁷ Jalma-jalmana taya nu bisa naon-naon, ngararompod, kelenger, kawas jukut di tegalan atawa anu jadi di suhunan kahebos ku angin panas.

²⁸ Tapi sagala hal diri maneh, gawe naon, indit ka mana, Kami uninga. Kami uninga maneh teh keur ngamuk, ngalawan ka Kami.

²⁹ Kami geus meunang laporan yen maneh ngamuk, yen maneh sakitu kumalungkungna. Ayeuna irung maneh rek dikaluhan, biwir maneh rek diterapan kadali, rek ditarik dibawa ka jalan urut maneh datang."

³⁰ Geus kitu saur Yesaya pikeun Raja Hiskia, "Sagala rupi anu pijadieun teh ieu tandana: Taun ieu sareng taun payun, tedaean teh mung sisikian anu jaradi sorangan. Nanging taun payunna tiasa pepelakan deui dugi ka dipanen, kitu deui anggur.

³¹ Anu araya di Yuda, anu nyesa, bakal cara pepelakan, akaran, akarna jero, hirupna mulus dugi ka baruahan.

³² Tangtos bakal aya anu saralamet di Yerusalem sareng di Gunung Sion, margi eta kajadian teh parantos kitu dikersakeunana ku PANGERAN Nu Maha Kawasa.

³³ Perkawis raja Asur kieu timbalan PANGERAN: Eta raja moal bisaeun asup ka ieu kota, moal bisaeun mentangkeun jamparing hiji-hiji acan. Serdadu-serdaduna anu marake tameng teh moal aya anu bisaeun ngadeukeutan kota, jeung moal aya anu nyieun gugunungan pikeun ngepung.

³⁴ Eta raja moal kungsi asup, kaburu malik ka jalan urutna datang. Kitu timbalan Kami, PANGERAN.

³⁵ Demi kamulyaan Kami, jeung ku sabab Kami geus jangji ka abdi Kami Daud, kota teh ku Kami bakal dijaga."

³⁶ Aya hiji malaikat PANGERAN narajang ka pasanggrahan urang Asur, maehan 185.000 serdadu. Isukna isuk-isuk kasampak geus ngajaloprak paraeh.

³⁷ Raja Asur geus undur, balik ka Ninewe.

³⁸ Barang dina hiji poe, sabada muja ka Dewa Nisroh pupujaanana di jero kuil, anjeunna dipaehan ku pedang, ku dua putrana, Adramelek jeung Sareser, anu terus kalabur ka tanah Ararat. Esarhadon, putrana nu saurang deui ngaganti jadi raja.

38¹ Meh sawaktu jeung eta, Raja Hiskia teu damang mehmehan pupus. Sumping Nabi Yesaya, sasauran ka anjeunna, "Sang Raja ku PANGERAN ditimbalan mereskeun sagala rupi urusan, margi moal tiasa damang deui, sakedap deui bakal pupus."

²Hiskia ebogna malik kana tembok, ngadoa,

³"Nun PANGERAN, sing emut ka abdi. Abdi parantos ngesto ka Gusti kalayan satia, parantos sakiat-kiat ngajalankeun pangersa," saurna bari terus nangis sesegruk.

⁴PANGERAN nimbalan ka Yesaya,

⁵miwarang supaya anjeunna ka Hiskia deui sarta kudu sasauran kieu, "Kami, PANGERAN, Allahna Daud karuhun maneh, geus ngadangu panyambat maneh, jeung ningali cipanon maneh. Maneh meunang keneh hirup lima belas taun deui.

⁶Maneh jeung Yerusalem tangtu dirahayukeun tina ancaman raja Asur. Yerusalem bakal terus ditangtayungan ku Kami." Ku Yesaya disaurkeun yen bisul raja teh kudu dipopokan ku buah kondang, tangtu damang. Hiskia mariksa, "Naon tawisna keur

ngabuktikeun yen kaula bakal bisa deui datang ka Bait Allah?

⁷ Waler Yesaya, "Kangge ngabuktikeun yen Mantenna moal geseh tina jangji, PANGERAN bakal maparin tandana, nya eta:

⁸ Kalangkang tangga anu dipidamel ku Raja Ahas, ku PANGERAN bade diundurkeun sapuluh lengkah." Seug kalangkang tangga teh ngeser, undur sapuluh lengkah.

⁹ Sanggeus damang, Hiskia nyerat ieu guguritan:

¹⁰ Waktu umur kami tengah tuwuh, meh bae mulang ka enggon nu paeh, kudu ajal paturay jeung nyawa.

¹¹ Panyana teh di ieu dunya anu harirup, kami geus moal nenjo-nenjo deui PANGERAN, moal nenjo-nenjo deui jelema.

¹² Kudu puput umur eureun hirup, lir kemah nu geus diruag, lir lawon diteukteuk tina tinunan, panyana teh ku Allah tereh dipundut umur.

¹³ Unggal peuting nangankeun kanyeri, tulang-tulang asa dikereké singa. Panyana teh ku Allah tereh dipundut umur.

¹⁴ Sora geus haroshos, meh leungit, balas humaregung kawas japati ngaderuk. Panon celong, dipake melong ka langit. Nun PANGERAN, jait abdi tina hukuman.

¹⁵ Kami rek bisa unjukan naon, da eunggeus kersaning PANGERAN. Bati ceurik dina hate, boro-boro bisa mondok.

¹⁶Nun PANGERAN, abdi bade hirup kangge Gusti, mung kangge Gusti. Cageurkeun abdi, widian hirup.

¹⁷Kaprihatinan abdi bakal jadi katengtreman Gusti nyalametkeun hirup abdi tina sagala bahaya Gusti ngahapunten sadaya dosa abdi.

¹⁸Di dunyana nu maot mah moal aya nu muji ka Gusti. Nu maot mah moal ngarep-ngarep kasatiaan Gusti.

¹⁹Anu muji ka Gusti teh jalmi anu hirup, sapertos abdi ayeuna, muji ka Gusti. Bapa-bapa nyarita ka anak-anakna, nerangkeun kumaha satiana Gusti teh.

²⁰Nun PANGERAN, abdi parantos dicageurkeun. Abdi-abdi bade narabeuh kacapi, sareng ngidungkeun pamiji. Muji saumur-umur di lebet Bait Gusti.

²¹(38: 6)

²²(38: 6)

39¹Meh sawaktu jeung eta, Raja Babul, Merodak Baladan putra Baladan, ngadangu warta yen Raja Hiskia geus sae tina teu damangna, tuluy kikintunan dibarengan ku surat.

²Utusanana ku Hiskia ditampi, malah dicandak ningalian dunyabranana, emas, perak, bahan seuseungitan kitu deui sagala kaperluan tentarana. Kamar-kamar tempat rajabrama, kitu deui nu aya di tempat-tempat sejen di karajaanana, kabeh ditembongkeun teu aya anu kaliwat.

³Ti dinya sumping Nabi Yesaya ka Raja Hiskia, mariksakeun, "Eta jalmi-jalmi ti mana sareng naon sanggemna ka Sang Raja?" Waler Hiskia, "Ti nu tebih, ti nagri Babul."

⁴"Dicandak ningalian naon di karaton?" saur Yesaya. Waler Hiskia, "Sagala rupi bae. Kamar-kamar dunyabrama sadayana ditembongkeun, teu aya anu kalangkung."

⁵Saur Yesaya, "Timbalan PANGERAN Nu Maha Kawasa,

⁶engke dina hiji waktos sagala rupi anu aya di karaton Raja, sagala rupi anu kenging ngempelkeun karuhun Raja dugi ka wangkid ieu, bakal diakut ka Babul, moal aya anu kantun.

⁷Putra Sang Raja ku anjeun oge sapalih bakal diboyong dijadikeun gandek karaton raja Babul."

⁸Eta kasauran kitu kahartoseun ku Raja Hiskia, yen anjeunna mah sapanjang hirupna bakal santosa. Ku sabab eta walerna, "Eta timbalan PANGERAN anu disaurkeun ku Bapa, sae maksadna."

40¹"Lilipur umat Kami," timbalan Allah urang, "lilipur!"

²Upahan hate urang Yerusalem, uarkeun yen sangsarana geus tutug, dosana geus dihampura. Maranehna geus dihukum bebeakan lantaran dosa-dosana."

³Aya anu cumeluk, "Sadiakeun jalan pikeun PANGERAN di tanah gurun! Beresihan jalanna di gurun keusik, pikeun Allah urang!"

⁴Lebak-lebak saeuran, gunung-gunung ratakeun. Pasir-pasir bakal jadi tanah lempar, anu renjul bakal rata sarta leucir.

⁵Kamulyaan PANGERAN bakal dinyatakeun, tempong ka sakabeh jelema. PANGERAN ku manten ngajangji kitu."

⁶Aya nu ngagenta, "Embarkeun ieu wawaran!" Ceuk kaula, "Kedah ngawawarkeun naon?" "Embarkeun: Manusa ibarat jukut, umurna ngan saumur kekembangan tegal.

⁷Jukut layu, kembang perang sanggeus ditiup ku angin ti PANGERAN. Umur jalma teu leuwih panjang ti batan umur jukut.

⁸Enya, jukut tangtu layu, kembang tangtu perang, tapi pangandika Allah urang mah umurna langgeng."

⁹Eh Yerusalem, geura unggah ka gunung nu luhur! Celukkeun warta anu pikabungaheun. Eh Sion, celukkeun sing tarik, embarkeun ieu seja pibagjaeun! Caritakeun, ulah sieun-sieun, bejakeun ka kota-kota Yuda yen Allahna rek sumping!

¹⁰PANGERAN Nu Maha Agung tereh sumping baris ngarajaan nyepeng kawasa. Sumpingna diiring ku jalma-jalma anu geus diluputkeun ku Mantenna.

¹¹Mantenna bakal ngaraksa lir pangangon ngajaga domvana. Domvana dikumpulkeun,

anu laleutik keneh dipangku, indung-indungna
sina naluturkeun lalaunan.

¹²Saha nu bisa naker cai lautan ku dampal
leungeun, atawa ngukur langit ku jeungkal?
Saha nu bisa ngulak tanah sajagat ku
kulakan, atawa nimbang gunung jeung pasir
dina taraju?

¹³Saha nu bisa metakeun PANGERAN kana
damel? Saha nu bisa mapatahan atawa
nuduhan ka Mantenna?

¹⁴Saha anu geus ngahaturkeun pirempug
ka Allah, nerangkeun jeung nuduhan ka
Mantenna, ngajarkeun sangkan saniskara
bisa jalan?

¹⁵Di payuneun PANGERAN bangsa-bangsa
taya hartina, ibarat cai satetes, pulo-pulo
hampangna lir lebu sakeprul.

¹⁶Sasatoan di leuweung-leuweung Libanon,
moal cukup keur baktikeuneun ka Allah,
kakayonna teu cukup keur mirun seuneu.

¹⁷Di payuneuna-Na bangsa-bangsa taya
hartina.

¹⁸Jeung saha Allah bisa disaruakeun?
Sanggup anjeun nerangkeun Mantenna jiga
kumaha?

¹⁹Mantenna henteu sarua jeung arca
beunang nyieun jelema beunang paledang
ngalapis ku emas, make dadampar perak.

²⁰Nu teu kuat nyieun tina emas atawa perak,
bisa nyieun tina kai teuas, dikengkenkeun ka

tukang ngukir, sina dijieun arca anu nambleg moal tiguling.

²¹ Naha anjeun tacan nyaho? Naha tacan ngadenge caritana? Naha can ngadenge kumaha jadina alam dunya?

²² Anu ngadamelna teh Mantenna, nu linggih dina tahta-Na, luhureun bumi luhureun langit, jalma di handap tembongna sagede sireum. Langit ku Mantenna dibeberkeun kawas layar, dibeberkeun lir kemah keur tempat cicing.

²³ Raja-raja anu karawasa direndahkeun ku Mantenna, dijieun taya hargana.

²⁴ Maranehna saibarat tutuwuhan, kakara ge dipelak, kakara ge alakaran, kaburu dihebos ku angin ti PANGERAN, gararing, ngoleang kabawa angin.

²⁵ Jeung saha Allah nu suci bisa disaruakeun? Naha aya anu sarua jeung Mantenna?

²⁶ Coba tanggah ka angkasa! Saha nu nyiptakeun bentang-bentang? Ku Mantenna bentang-bentang teh dipingpin kawas hiji pasukan. Mantenna uninga reana, sarta masing-masing dipaparin ngaran. Mantenna maha kawasa eta bentang-bentang can aya anu leungit.

²⁷ Eh Israil, ku naon ngalengis, majar PANGERAN teu uningaeun yen maneh keur kasusahan, majar Mantenna henteu malire waktu maneh nandangan kateuadilan?

²⁸ Na maneh tacan nyaho? Tacan ngadenge? PANGERAN teh Allah nu langgeng, sakubeng

jagat Mantenna nu ngajadikeun. Mantenna tara cape tara lungse. Taya pisan anu nyaho kana eusining manah-Na.

²⁹ Sakur nu cape jeung lungse, ku Mantenna disegerkeun.

³⁰ Sanajan nu ngarora ge sok leuleus, barudak remaja sok ngudupruk beak tanaga.

³¹ Tapi sing saha anu muntang ka PANGERAN sarta nyambat pitulung-Na, tangtu jagjag seger deui, lir galudra mentang jangjang, lumpat moal cape, leumpang moal mopo.

41 ¹Dawuhan Allah, "Eh pulo-pulo,
rarepeh! Dengekeun ieu Kami!
Asongkeun perkara maraneh di pangadilan.
Pek di dinya ngomong, padu jeung Kami,
urang tangtukeun saha anu bener.

²Saha nu ngondang si tukang nalukkeun ti wetan, anu geus ngersakeun manehna jaya ka mana bae iangna? Ku saha manehna bisana meunang, bisa ngelehkeun raja-raja jeung bangsa-bangsa? Saban lawanna rubuh ku pedangna, lir lebu, paburisat ku jamparingna lir jarami ditiu angin?

³Saban ngudag ngabeledig ngan rahayu bae, lumpatna ngabelesat meh teu napak kana taneuh.

⁴Ku saha eta teh bisana kitu? Ku saha sajarah ditangtukeunana? Ku Kami, PANGERAN, anu geus jumeneng ti awalna. Nya Kami, PANGERAN, Allah nu bakal aya diahir.

⁵ Ti pulo-pulo anu jarauh, jalma-jalma geus narenjo padamelan Kami, seug sarieuneun, ngararompod. Tuluy karumpul ngahiji, sarta daratang.

⁶ Tukang-tukang kayu nyarieun karajinan, silih bantuan, silih hatean.

⁷ Tukang-tukang kayu ngahatean kamasan-kamasan, pokna, Alus eta arca teh! Tukang neupa ngahatean ka tukang ngaranjing-ranjing, pokna, Alus patrianana! Seug arcana ditangtungkeun, dipageuhan ku paku.

⁸ Tapi maneh mah, eh Israil abdi Kami, maneh mah umat Kami, beunang Kami milih. Maneh mah turunan Ibrahim, sahabat Kami.

⁹ Maneh ku Kami dicandak ti unggal tungtung jagat, disaur ti juru-juru anu jarauh, bari ceuk Kami, Maneh teh abdi Kami, ku Kami moal ditampik, malah ngahaja dipilih.

¹⁰ Ulah sieun, aya Kami! Kami teh Allah maneh, maneh tong sieun ku naon-naon! Maneh ku Kami rek dijieuun jadi bedas. Maneh ku Kami bakal diraksa jeung dirahayukeun.

¹¹ Sakur anu ambek ka maneh bakal ngarasa kumaha erana nu eleh. Anu narajang ka maneh tangtu paraeh.

¹² Maraneh bakal neangan jalma-jalma anu geus ngamusuhan ka maraneh, tapi moal kapanggih. Jalma-jalma anu merangan ka maraneh, ayeuna geus binasa, leungit ti alam dunya.

¹³Kami teh PANGERAN, Allah maneh, anu nguatkeun leungeun katuhu maneh. Timbalan Kami, Ulah sieun, maneh ku Kami rek dibantu."

¹⁴Timbalan Allah, "Eh Israil, maneh teh nya lembut nya hengker. Tapi tong salempang, tangtu ditulungan. Kami teh Allah Israil nu suci, Kami anu bakal ngarahayukeun.

¹⁵Maneh ku Kami rek dijadikeun ibarat parud, huntuna alanyar, sareukeut, gunung-gunung barubuk diparudan, pasir-pasir jadi lebu.

¹⁶Tuluy ku maneh dipangpengkeun ka awang-awang, ngoleang kabawa angin, ngarapeng paburisat. Maneh tangtu bakal genah, sabab manutan ka Kami, Allah maneh. Maneh geus tangtu bakal muji ka Kami, Allah Israil nu suci.

¹⁷Lamun umat Kami tigerat cai nepi ka tikorona garing kahalabhaban, panyambatna tangtu diwaler. Kami, Allah Israil, moal ngantep.

¹⁸Kami rek nyieun walungan-walungan, sina ngalocor ti pasir-pasir bulistir. Lebak-lebak sina pinuh ku cinyusu, gurun keusik sina ngaremplang caraian, tanah keri sina pinuh ku cinyusu.

¹⁹Tengah gurun keusik sina pinuh ku tatangkalan, kiputri, kipilang, kihiang, jeung jetun, sina jadi leuweung, leuweung camara, kihuru, kijamuju.

²⁰ Jalma-jalma bakal narenjo eta, seug nyaraho ka anu ngadamelna. Bakal ngahalartieun yen dijadikeunana teh ku Kami, Allah Israil nu suci."

²¹ PANGERAN, Raja bangsa Israil nimbalan, "Eh brahala-brahala, hayu urang padu, ngadu perkara. Pek asongkeun alesan nu pangkuatna.

²² Ka dieu, coba ramal, naon anu bakal kajadian, sangkan sarerea nyaho, sangkan saradia ti anggalna. Pek pedar kajadian-kajadian nu geus kaliwat, terangkeun hartina.

²³ Jeung terangkeun naon anu bakal kajadian! Tangtu engke kanyahoan, maraneh teh Allah atawa ngan aallah! Pek hojah kumaha pihadeeunana, atawa coba datangkeun naon bae anu pibahlaeun, nepi ka matak ngompod sarerea!

²⁴ Hamo, maraneh kabeh hamo bisa! Sakur anu ngabakti ka maraneh, engke malik ngajejeleh!

²⁵ Kami ngahaja geus milih hiji jalma, urang wetan, sina narajang ti beulah kaler. Raja-raja ku eta bakal diidek kawas leutak, lir taneuh diidek ku panjungan.

²⁶ Coba mana ti maraneh anu bisa norah yen bakal kitu, sangkan sarerea nyaho yen maraneh awas! Euweuh, hiji ge euweuh nu bisa ngomong naon-naon, teu sakecap-kecap acan. Saurang ge euweuh anu ngadenge

maraneh ngaramal, anu ngadenge maraneh ngucapkeun ramalan!

²⁷ Ieu Kami, PANGERAN, anu pangheulana nepikeun eta warta ka Sion. Kami ngirim utusan ka Yerusalem, ngabejaan: Rahayat maneh tereh daratang! Tereh marulang!

²⁸ Diilik-ilik ku Kami, eta brahala-brahala hiji ge taya nu ngomong sakemek, euweuh pisan anu bisa ngajawab pananya Kami.

²⁹ Eta brahala-brahala kabeh euweuh gunana, kabeh euweuh pisan guamna, ngaranna ge brahala, euweuh tanagana, euweuh kawasana."

42¹ Timbalan PANGERAN, "Ieu abdi Kami, beunang Kami ngukuhkeun, beunang milih, cocog jeung lelembutan, jeung geus dieusian roh Kami. Tangtu adil ka sakabeh bangsa.

² Anjeunna moal huak-haok garawak-gorowok, moal pidato di jalan-jalan.

³ Moal nepi ka miteskeun kaso anu geus ngulapes, moal mareuman palita anu hurungna geus kakalincesan. Jembar adil ka sakabeh, sarta moal barobah.

⁴ Moal leutik hate atawa leungit kawani, nanjurkeun kaadilan di bumi. Pangajaranana dipikabutuh ku nagri-nagri nu jarauh."

⁵ Allah ngadamel jeung mentangkeun langit, ngawangun bumi katut sagala nu aya di dinya, sarta maparin nyawa jeung napas ka

sakabeh mahluk nu hirup di dinya. Ayeuna, Allah PANGERAN ngadawuh ka abdi-Na,

⁶"Maneh disaur ku Kami, PANGERAN, diserenan kawasa ngajalankeun kaadilan di dunya. Ku jalan maneh Kami meungkeut perjangjian jeung sakabeh manusa. Ku jalan maneh Kami rek mere caang ka sakabeh bangsa.

⁷Anu lolong ku maneh bakal dibeuntakeun, sakitan-sakitan dikaluarkeun ti jero panjara nu poek.

⁸Allah maneh teh ngan Kami, PANGERAN. Kaagungan Kami moal dibagikeun ka saha-saha, Kami moal ngantep arca kabagi kamashuran Kami.

⁹Perkara anu diwejangkeun ku Kami, ayeuna geus bukti. Ayeuna Kami rek ngadawuhkeun perkara anyar, sanajan eta tacan ngajadi."

¹⁰Pujikeun pupujian anyar ka PANGERAN! Paruji kamulyaan Mantenna di sajagat! Paruji, eh mahluk pangeusi laut! Paruji, eh nagri-nagri nu jarauh jeung nu caricing di dinya!

¹¹Gurun keusik jeung kota-kotana, mangka maruji ka Allah; urang Kedar mangka maruji ka Mantenna! Nu maratuh di kota Sela kudu sarurak ti puncak-puncak gunung!

¹²Anu maratuh di nu jarauh, kudu maruji ngagungkeun ka PANGERAN!

¹³Allah geus jengkar lir prajurit maju perang, tatandang hoyongeun geura prung.

Lajeng ngahucuhkeun perang, ngahucuhkeun jurit mintonkeun kakawasaan ka musuh.

¹⁴ Timbalan Allah, "Geus lila Kami bungkem bae, teu ngawaler ka umat Kami. Ayeuna geus waktuna Kami meta bijil sora, rek ngagero lir awewe ngajuru.

¹⁵ Pasir-pasir, gunung-gunung, rek digempur. Jujukutan jeung tatangkalan sina gararing. Lengkob-lengkob walungan sina jadi gurun keusik, situ-situ sina saraat.

¹⁶ Umat Kami anu lalolong rek ditungtun ka jalan anu ku maranehna tacan kasorang. Dunyana nu poek rek disina caang. Tincakeunana anu garokgek rek disina rata. Kitu jangji-jangji Kami, nu geus pasti dilaksanakeun.

¹⁷ Sakur nu percaya ka arca-arca, anu miallah ka brahala-brahala, bakal direndahkeun jeung dihina."

¹⁸ PANGERAN nimbalan, "Eh nu tarorek, dengekeun! Telek-telek, eh nu lalolong!"

¹⁹ Naha aya kitu anu leuwih lolong ti batan abdi Kami, anu leuwih torek ti batan utusan Kami?

²⁰ Eh Israil, geus loba anu ku maraneh ditenjo, kumaha geus dihartikeun? Maraneh baroga ceuli pikeun ngadenge, tapi naon bae anu geus kadarenge teh?"

²¹ PANGERAN teh Allah anu kacida hoyongeunana nyalametkeun. Ku sabab

kitu Mantenna ngayakeun hukum jeung pangajaran, anu kudu dihormat ku umat-Na.

²²Tapi ayeuna umat-Na teh geus dirampog, ditutup di jero tahanan handapeun taneuh, dikerem di jero panjara-panjara. Maranehna geus dirampog jeung diranjah, euweuh nu datang pikeun ngajait.

²³Daraek maraneh ngaregepkeun ieu? Kumaha ayeuna daraek ngadenge sing bener?

²⁴Saha nu nyerenkeun Israil nepi ka Israil aya nu ngaranjah? PANGERAN ku manten, lantaran urang dosa ka Mantenna! Hirup urang teu sapagodos jeung pangersa-Na, arembung nurut kana pangajaran-pangajaran Mantenna.

²⁵Nu Matak urang ku Mantenna dibenduan sakieu hebatna, nandangan siksaan perang. Bendu-Na lir seuneu ngahuru sakuliah Israil. Parandene kitu urang tetep henteu daek eling, urang arembung nyokot hikmahna.

43¹Eh Israil, PANGERAN anu ngajadikeun maneh, nimbalan, "Ulah sieun, maneh ku Kami tangtu dijait. Maneh ku Kami disebut ngaran, sabab maneh teh kagungan Kami.

²Mun maneh meuntasan cai jero, ku Kami tangtu diaping, maneh moal titeuleum ku kasukeran. Nyorang seuneu moal tutung, nyorang bahla moal cilaka.

³Sabab Kami, PANGERAN Allah maneh, Allah Israil nu suci, bakal nyalametkeun. Pikeun nyalametkeun diri maneh, Kami rek

ngorbankeun Mesir, rek ngorbankeun Sudan jeung Seba.

⁴Kami tega ngorbankeun bangsa-bangsa, asal maneh katulungan. Sabab maneh teh pupunden Kami, kakasih Kami, sarta ku Kami dibere kamulyaan.

⁵Ulah sieun, aya Kami! Bangsa maneh ku Kami rek disina mulang ti tungtung wetan jeung ti tungtung kulon.

⁶Urang kaler rek dititah ngajurung mulang, urang kidul moal disina ngahalang-halang. Umat Kami kudu mulang ti nu jarauh, ti unggal babagian dunya.

⁷Israil teh kagungan Kami. Kami ngajadikeun Israil teh supaya Kami dimulyakeun."

⁸Timbalan Allah: "Jogokeun umat Kami di pangadilan. Maranehna enya ge boga mata tapi teu narenjo, careulian tapi teu ngadarenge!"

⁹Jogokeun bangsa-bangsa, ku Kami rek diuji! Mana brahala-brahala anu magar bisaeun norah pikahareupeun? Anu mana anu geus nyahoeun ti memehna perkara nu jadi ayeuna? Datangkeun eta brahala-brahala teh pikeun saksi maranehna. Sina nyaksikeun yen maranehna bener, sina ngaenyakeun pangakuanana.

¹⁰Ari pikeun saksi Kami nya maraneh, urang Israil. Maraneh geus dihaja dipilih sangkan ngabdi ka Kami, sangkan nyaraho jeung palercaya ka Kami, sangkan yakin yen

Kami teh Allah tunggal. Allah teh ngan Kami sorangan, euweuh deui, boh baheula, boh engke.

¹¹ Ngan Kami bae PANGERAN teh, hiji-hijina anu iasa nyalametkeun ka maraneh.

¹² Kami geus ngawejangkeun anu bakal pijadieun. Ayeuna Kami datang rek nulungan maraneh. Moal aya allah sejen anu bisaeun kitu. Maraneh saksina, saksi Kami.

¹³ Kami teh Allah, salalawasna Kami Allah. Moal aya anu luput tina kakawasaan Kami, moal aya anu bisa ngarobah pangersa Kami."

¹⁴ PANGERAN, Allah Israil nu suci, anu nyalametkeun maraneh, nimbalan, "Kami rek nginditkeun balad nempuh Babul, pikeun ngabebaskeun maraneh. Gapura-gapura Babul rek dirubuh-rubuhkeun, surakna rek dirobah, sina careurik.

¹⁵ Kami teh PANGERAN, Allah maraneh nu suci. Kami teh anu ngajadikeun maraneh, eh Israil! Kami teh Raja maraneh."

¹⁶ Baheula PANGERAN geus ngadamel jalan nerus laut, nerus cai nu pagulung-gulung.

¹⁷ Hiji balad anu rosa, pasukan kuda jeung kareta, ku Mantenna dicandak ka dinya, sina cilaka. Kabeh titeuleum teu mumbul deui, tingkerebek paraeh lir lilin pareum.

¹⁸ Tapi dawuhan PANGERAN, "Ulah lengket kana kajadian nu baheula, ulah napel kana kajadian nu geus kaliwat.

¹⁹ Mending awaskeun nu anyar, anu rek dipidamel ku Kami, tereh bukti, bisa katenjo ayeuna keneh! Kami rek nyieun jalan di tanah gurun, jeung ngadamel susukan-susukan pikeun maraneh.

²⁰ Sato-sato alas ge bakal hormat ka Kami. Ajag jeung manuk onta bakal muji ka Kami, mun eta susukan-susukan geus cur-cor di tengah gurun keusik, keur kaperluan umat pilihan Kami.

²¹ Maranehna dijadikeun teh keur Kami pribadi, maranehna kudu nyoarakeun pamuji ka Kami!"

²² PANGERAN nimbalan, "Tapi maraneh geus bosen ka Kami, eh Isra'il! Maraneh geus henteu ngabakti.

²³ Tara mere domba kurban beuleuman, tara mere deui pangbakti tanda hormat ka Kami. Kami teu ngabeuratkeun ka maraneh ku menta kurban-kurban, teu nyapekeun menta kukus seuseungitan.

²⁴ Maraneh tara mareuli seuseungitan jang Kami, tara mere deui gajih sato maraneh. Sabalikna malah Kami anu dibeungbeuratan ku dosa-dosa maraneh, anu dicapekeun ku kasalahan-kasalahan maraneh.

²⁵ Najan kitu Kami teh Allah anu daek ngahampura dosa-dosa maraneh, sabab kitu sipat Kami. Dosa maraneh ku Kami moal diinget-inget.

²⁶ Hayu urang ka pangadilan, pek geura ngadakwa! Bela perkara maraneh, buktikeun yen maraneh bener teh!

²⁷ Karuhun maraneh geus dosa ka Kami, kitu keneh pamingpin-pamingpin maraneh,

²⁸ sarta pangereh-pangereh maraneh geus ngarurujit tempat Kami anu suci. Eta sababna Israil ku Kami disina ruksak; Kami ngantep umat Kami pribadi dihina."

44 ¹ Timbalan PANGERAN, "Darengekeun eh Israil, abdi Kami, turunan Yakub, umat kapilih!

² Kami teh PANGERAN, anu ngagelarkeun maneh. Ti barang maneh dijurukeun, ku Kami geus ditulungan. Ulah sieun, maneh abdi Kami, umat pilihan Kami anu dipikanyaah.

³ Tanah tuhur ku Kami bakal diguyur, nu kagaringan rek digolontoran ku walungan-walungan. Roh Kami rek dikocorkeun ka anak-anak maneh, sarta berkah Kami pikeun turunan maneh.

⁴ Maranehna bakal marulus, tumuwuh lir jukut teu kurang cai, ibarat tatangkalan sisi susukan.

⁵ Jalma-jalma ka pada baturna bakal ngakukeun maneh, Kuring kagungan PANGERAN. Bakal daratang ngahiji jeung urang Israil. Unggal jalma ngukir jenengan PANGERAN dina leungeunna, jeung nyarebut maneh umat Allah."

⁶PANGERAN anu marentah jeung ngaraksa Israil, Nu Maha Kawasa geus nimbalan kieu, "Kami teh anu mimiti, anu ahir, hiji-hijina Allah. Taya deui Allah jaba ti Kami.

⁷Saha anu bisa nyieun anu dipidamel ku Kami? Saha anu bisa ngawejangkeun nu tacan datang, anu nyaho ti mimiti aya waktu, nepi ka ahir jaman?

⁸Umat Kami ulah sieun! Maraneh nyaho, sagala kajadian ti baheula nepi ka poe ieu pisan, ku Kami geus diwejangkeun ti heula. Naha enya aya Allah sejen teh? Maraneh saksina. Naha enya aya Allah sejen teh? Naha aya deui Allah anu kawasa, anu Kami can uninga?"

⁹Jalma-jalma nu nyieun brahala teh taya gunana. Arca-arca anu dipupunjungna teh taya hargana. Anu nyarembah ka brahala teh estuning lolong taya kanyaho, engke tangtu bakal arera.

¹⁰Lain kalakuan hade nyieun arca logam tuluy disembah dianggap Allah.

¹¹Sakur anu nyembah ka nu kitu bakal meunang era. Jalma anu nyieun eta arca teh manusa biasa, taya leuwihna. Sina bareng ka darieu, rek diuji, moal teu sarieuneun jeung areraeun.

¹²Tukang beusi nyieunna arca tina beusi, dibeuleum, diteupa, diteunggeulan ku palu sataker tanaga, tuluy direka sina mangrupa,

migawena nepi ka poho nginum-nginum
acan, poho kacape.

¹³Tukang kayu nyieunna tina kayu, digambar
heula ku kapur tuluy direka diukir make
pahat, dirupakeun jelema, dijieun lalaki
kasep, teundeuneun di imahna.

¹⁴Kayuna aya kiputri, aya jati, atawa
jamuju, nuar ti leuweung, atawa ngahaja
melak tangkal salam bari ngarep-ngarep
hujan, ambeh salamna tereh jadi.

¹⁵Eta tangkal, sabagian dijieun suluh,
sabagian deui dijieun arca. Jadi, anu sabagian
diduruk dipake siduru jeung meuleum
roti, anu sabagian deui dijieun arca, tuluy
disembah.

¹⁶Kayu teh sabagian dibeuleum dipake
manggang lauk, laukna dihakan nepi ka
seubeuh. Bari siduru jelemana ngomong,
"Genah, haneut, alus seuneuna!"

¹⁷Sabagian dijieun arca, geus anggeus
nu nyieunna tuluy sujud ka eta arca
bari ngomong, "Nun Dewa pupuan, kula
tulungan!"

¹⁸Jalma kitu ku bawaning bodo nepi ka teu
nyaho kana kabodoan sorangan. Panonna
nutup, pikiranana oge nutup, teu nyaho naon
nu bener.

¹⁹Tukang nyarieun arca teh bodona
katotoloyoh, nepi ka teu boga pikir kieu:
"Ieu kayu, sawareh ku aing dibeuleum; aing
meuleum roti jeung manggang laukna dina

ruhakna, tuluy didahar. Sesa ieu kayu ku aing dijieun arca. Ana kitu aing teh nyembah ka kayu sapotong!"

²⁰Kawas nyatu lebu bae nepi ka teu bisa mikir. Pikiranana anu gejul teh kacida nyasabkeunana ka dirina, geus hamo katulungan deui, nepi ka teu nyahoeun yen arca anu disembah-sembah ku manehna teh sama-sakali lain Allah.

²¹PANGERAN nimbalan, "Eh Israill! Inget, maneh teh abdi Kami. Kami ngajadikeun maneh teh sangkan jadi abdi Kami, sarta Kami moal poho ka maneh."

²²Dosa maneh ku Kami geus disapu, sirna lir mega. Geura balik ka Kami. Ieu Kami anu nyalametkeun maneh."

²³Eh langit geura surak! Eh jungkrang-jungkrang jero, geura surak! Gunung-gunung jeung kakayon leuweung, geura senggak! PANGERAN geus mintonkeun kamulyaana-Na, ku jalan nyalametkeun umat-Na, Israill.

²⁴"Kami PANGERAN, jurusalamet maraneh. Nya Kami anu ngajadikeun maraneh. Kami teh PANGERAN, nu nyiptakeun saniskara. Nya Kami anu ngabeberkeun cakrawala. Kami ngajadikeun bumi teu dibantu ku sasaha.

²⁵Kami ngagelokeun tukang-tukang torah, ngaburungkeun tujuman ahli-ahli bentang, nyerongkeun pituah para bujangga, ngabuktikeun yen hikmah maranehna sarua jeung kabodoan.

²⁶Tapi upama anu ngawejangna teh umat Kami, nya eta utusan anu nganyatakeun sagala pangersa Kami, piwejangna tangtu laksana, sarta pangersa Kami tinangtu nyata. Ka Yerusalem Kami geus nimbalan, yen rahayatna tangtu maratuh deui di dinya, kitu deui ka kota-kota di Yuda, yen bisa diadegkeun deui engke ku maranehna, mecenghul tina ruruntukna.

²⁷Ku timbalan Kami sakecap, laut saat.

²⁸Kami nimbalan ka Kores, Nya maneh nu kudu jadi wakil Kami, nyekel parentah. Kudu ngajalankeun pangersa Kami. Parentahkeun: Yerusalem kudu diadegkeun deui, pademen Bait Kami pasang deui."

45¹PANGERAN geus milih Kores jadi raja. Ku Mantenna bakal dipangmukakeun gapura kota-kota, sina nalukkeun raja-raja, ngarangsadan kakawasaanana. Kieu timbalan PANGERAN ka Kores,

²"Kami anu bakal maju heulaeun maneh, ngaratakeun gunung-gunung jeung pasir-pasir, ngabejadkeun panto-panto tambaga, ngarebahkeun sarigsig-sarigsig beusi, pikeun pijalaneun maneh.

³Maneh rek diserenan dunyabrana, pependeman ti tempat-tempat anu baruni, sangkan nyaho yen Kami teh PANGERAN, sangkan nyaho yen ngaran maneh geus disebut ku Allah Israil.

⁴ Maneh ku Kami diangkat pikeun nulung abdi Kami, Israil, umat beunang Kami milih. Maneh najan can nyaho ka Kami, ku Kami geus dibere kahormatan kitu.

⁵ Kami teh PANGERAN. Taya deui Allah sejen. Maneh rek dibere kakuatan, sanajan can wawuh ka Kami.

⁶ Maksud Kami sangkan unggal jalma ti tungtung-tungtung jagat nyaraho yen Kami teh PANGERAN, sangkan nyaraho yen euweuh deui Allah sejen.

⁷ Kami nu ngadamel caang jeung poek. Kami nu ngadatangkeun rahmat jeung bahla. Kami PANGERAN, nu midamel ieu sagala perkara.

⁸ Kami rek ngahujankeun kaunggulan. Bumi bakal suka narima eta kaunggulan. Bumi bakal marakbak siang, kahibaran ku kabebasan jeung kaadilan. Kabeh bakal dibuktikeun ku Kami, PANGERAN."

⁹ Ari pariuk atawa barang gagarabah lianna, wanieun ngalawan ka nu nyieunna? Ari taneuh liket sok nanyakeun ka panjunan rek dijieu naon? Ari pariuk sok nyawad ka nu nyieunna, nyebutkeun yen nu nyieunna euweuh kabisa?

¹⁰ Naha aya anu wani ngomong ka kolotna, "Ku naon kuring dijieu kieu?"

¹¹ PANGERAN, Allah Israil nu suci, nu iasa ngadamel mangsa pikahareupeun, nimbalan, "Maneh taya kawasa nanyakeun ka Kami

perkara putra-putra Kami, jeung taya hak nuduhkeun pidameleun Kami.

¹²Ieu Kami, anu ngajadikeun bumi, jeung ngajadikeun manusa pangeusina. Kami make pangawasa ngabeberkeun langit. Kami anu ngatur panonpoe, bulan jeung bentang-bentang.

¹³Kami anu ngersakeun Kores sina ngalaksanakeun pangersa Kami, pikeun memeres sagala rupa. Jalan sorangeunana ku Kami geus dilempeng. Kores anu bakal ngadegkeun deui Yerusalem kota Kami, jeung ngabebaskeun umat Kami ti pangbuangan. Tur kituna teh lain ku sabab aya nu muruhan, lain ku sabab aya anu ngarurubaan."

¹⁴PANGERAN nimbalan ka Israil, "Dunyabrana Mesir jeung Sudan bakal beunang ku maneh. Urang Seba nu jarangkung gede bakal jaradi badega maneh, narurut ka maneh, bari nyandang rante. Ka maneh bakal sarujud, bari nyebut, Juragan dibanding ku Allah. Allah teh mung Mantenna bae.

¹⁵Allah Israil anu nyalametkeun umat-Na teh Allah anu ngarasiahkeun salira-Na.

¹⁶Sakur anu nyieun arca tangtos bakal areraeun, sadayana bakal nandang kahinaan.

¹⁷Sawangsulna Israil mah ku PANGERAN disalametkeun. Kaunggulan Israil langgeng, umat Mantenna moal nyorang kahinaan."

¹⁸PANGERAN ngajadikeun langit. Ngan Mantenna nu jumeneng Allah! Mantenna ngadegkeun bumi, diwanganuna weweg tur langgeng. Dijadikeunana lain sangkan terus suwung, tapi supaya dicicingan ku manusa. Nya Mantenna nu ngadawuh, "Kami teh PANGERAN, taya deui Allah sejen.

¹⁹Kami ngandika teh henteu rarasiahan, pangersa Kami henteu disumput-sumput. Kami henteu miwarang urang Israil neangan Kami di tempat suwung. Ieu Kami PANGERAN, ngandikakeun nu sabernera, nguarkeun nu saestuna."

²⁰PANGERAN ngandika, "Ka darieu kumpul, eh rahayat sagala bangsa! Ka darieu sakur anu luput ti karajaan anu geus rugrug. Ka darieu pasrah, ku Kami rek diuji! Jalma-jalma nu ngaraleut marawa brahalana, tukang sasambat ka dewa-dewa anu teu bisa mere pisalameteun, tegesing taya kanyaho pisan!"

²¹Ka darieu, bela perkara maraneh di pangadilan! Anu rek ngabela pek baradami heula. Saha anu baheula ngawejangkeun perkara nu bakal datang? Ku saha umat Kami salametna? Ku Kami, PANGERAN, Allah anu nyalametkeunana teh. Euweuh deui, ngan Kami Allah teh.

²²Ka darieu ka Kami, eh manusa sajagat! Tangtu maraneh salamet! Ngan Kami bae Allah teh.

²³Jangji Kami jangji anu pasti, moal robah. Kami jangji saenyana, nyebat jenengan ku manten. Ka darieu, sujud ka Kami. Sing tuhu ka Kami!

²⁴Maranehna tan wande ngaraku, yen ngan ku pangersa Kami bae meunangna kaunggulan jeung bogana kakuatan teh. Saha nu ijid ka Kami, tanwande cilaka.

²⁵Kami, PANGERAN, seja nyalametkeun sakabeh turunan Yakub, sangkan maranehna ngamulyakeun ka Kami.

46 ¹Ieu pitungtungeun brahala-brahala Babul: Bel jeung Nebo, nu biasa dipuja-puja, dimuatkeun kana kalde, kana tonggong sato anu geus maropo.

²Eta brahala-brahala teh aya nu mawa ge teu barisaeun naon-naon. Kitu tungtungna brahala-brahala Babul teh.

³Eh turunan Yakub sesa-sesa umat Kami, darengekeun: Maraneh teh ku Kami geus diurus ti barang brol dijurukeun.

⁴Kami, Allah maraneh bakal terus ngurus, nepi ka maraneh karolot, haruisan. Kami anu ngajadikeun, Kami anu ngurus. Maraneh tangtu ditulungan, disalametkeun.

⁵Rek disaruakeun jeung saha Kami ku maraneh? Naha aya anu sarua jeung Kami?

⁶Jalma-jalma maruka pepeten, ngaluarkeun emas, nimbang perak dina taraju, tuluy muruhkeun ka kamasan menta

dipangnyieunkeun arca, tuluy eta arca teh disembah.

⁷ Eta arca dipangku dipunggu, tuluy ditagenkeun dina tempatna. Cameubleu bae di dinya, teu bisaeun pindah. Dipentaan tulung teh ngabigeu bae, boro-boro bisa nyalametkeun tina bahaya.

⁸ Aringetkeun eh nu daroraka! Jeung sing areling kana dadamelan Kami.

⁹ Sing areling kana kajadian baheula. Kudu ngaraku yen Allah teh ngan Kami. Euweuh nu saperti Kami.

¹⁰ Sakur anu enggeus kajadian, ku Kami geus diwejangkeun ti samemehna, didawuhkeunana geus ti baheulana keneh. Kami geus ngadawuh yen pangersa Kami moal mencog, yen sakur anu ku Kami geus dikudukeun, moal teu dibuktikeun.

¹¹ Kami geus nyaur hiji jelema ti tatar wetan, lampahna gancang lir dadali anu nyirorot, baris ngalaksanakeun pangersa Kami. Ku Kami geus ditimbalkeun. Tangtu kajadian.

¹² Eh jalma-jalma bedegong! Ceuk pikiran maraneh jajauheun kana bisa unggul.

¹³ Padahal eta piungguleun teh geus tereh, waktuna tereh cunduk. Kami tangtu unggul, jeung moal engke-engke. Kami rek ngajait Yerusalem, Israil rek disina mulya deui."

47 ¹PANGERAN ngadawuh, "Eh Babul, geura turun tina tahta, geura ngagepor dina taneuh ngebul! Maneh tadina lir parawan

matak bogoh, hiji kota anu moal kaelehkeun. Tapi ayeuna mah geus teu kitu deui. Ayeuna mah maneh jadi badega!

²Cokot batu panggilingan, geura nipung! Laan karembong! Bukaan kabeh eta pakean anu aralus teh tina awak! Hayoh nyingsat, tuluy meuntas cai.

³Sina pada ngalalajoan maneh taranjang, tempong orat tempong wiwirang. Maneh ku Kami dibales, moal aya nu bisa ngahalang-halang."

⁴Allah Israil nu suci, geus ngabebaskeun urang. Jenengan Mantenna PANGERAN Nu Maha Kawasa.

⁵PANGERAN nimbalan ka Babul, "Geura los ka nu poek, tong kecet-kecet. Maneh moal disebut deui ratu bangsa-bangsa.

⁶Basa Kami bendu ka umat Kami nepi ka maranehna teu diaku deui umat, maranehna ku Kami diselehkeun ka maneh. Bet maneh mani euweuh pisan karunya! Ka nu geus karolot ge mani tega nganiaya.

⁷Maneh ngira rek bisa ngaratuan saendeng-endeng, teu karasa, teu kapikir pitemaheunana.

⁸Dengekeun, eh nu tuman senang-senang, anu rasa maneh aman santosa! Maneh ngarasa sarua jeung Allah, euweuh anu nyaruaan! Boga rasa pamohalan jadi randa, pamohalan kauculan anak.

⁹Tapi ngan di jero sakeudeung, di jero sapoe, eta dua hal bakal tumiba. Najan maneh make tumbal-tumbal tulak bala, tetep bakal kauculan salaki jeung anak.

¹⁰Maneh asa jongjon nyieun kadorakaan, pangrasa teh moal aya nu nganyahoankeun. Maneh teh sasar ku kapinteran jeung ku akal budi sorangan. Maneh enggeus sompral nyebut, Aing Allah, euweuh anu nyaruaan!

¹¹Maneh bakal cilaka! Elmu-elmu gaib maneh moal bisa nyegah. Maneh bakal ngadadak katinggang bahla, bahla anu can kaimpi-impikeun acan.

¹²Pek pake terus tumbal-tumbal jeung jampe-jampe nu dipake ti ngongora teh, pake ngagigila musuh.

¹³Maneh nepikeun ka cape ku sagala tarekah. Pek geura menta tulung ka ahli-ahli palak maneh, pan maranehna teh tukang meleng bentang, tukang ngagambankeun daerah-daerah angkasa, anu saban bulan mangnorahkeun ka maneh anu bakal kajadian.

¹⁴Maranehna teu beda ti jarami sakeupeul, anu bakal beak ku seuneu. Dirina sorangan moal bisa katulungan, sabab seuneuna kacida panasna, lain seuneu anu genah dipake siduru.

¹⁵Ngan sakitu mangpaatna ka maneh eta ahli-ahli palak pananyaan maneh saumur hirup teh. Kabeh bakal naringgalkeun ka

maneh, jalanna masing-masing, moal aya
anu kari pikeun nyalametkeun ka maneh."

48¹ Eh urang Israil, eh turunan Yuda,
darengekeun. Maraneh sok sumpah
demi PANGERAN. Jeung ngakukeun ngabdi ka
Allah Israil, tapi henteu reujeung prakna.

² Sangkilang kitu make agul nyebut maneh
warga kota suci, nyebut maneh gumantung
ka Allah Israil anu jenenganana PANGERAN
Nu Maha Kawasa.

³ Timbalan PANGERAN ka Israil, "Ti bareto
Kami geus mere nyaho naon anu bakal
kajadian. Ku Kami dibuktikeun, tur ngadadak.

⁴ Ti samemehna Kami geus uninga yen
maraneh bakal baredegong, teugeug kawas
beusi, heuras kawas tambaga.

⁵ Jeung bareto Kami geus mere nyaho hal
maraneh pikahareupeun. Kajadian-kajadian
anu bakal keneh, ku Kami geus diandikakeun
ti samemehna, pikeun nyegah ulah nepi ka
maraneh nganggap yen eta beunang ngatur
brahala maneh.

⁶ Sakur anu ku Kami geus diandikakeun
ti samemehna, ayeuna geus kajadian.
Kuduna mah maraneh teh ngaku yen
pangandika Kami teh bener. Ayeuna Kami
rek ngandikakeun perkara-perkara anyar anu
bakal kajadian, anu can kungsi diandikakeun.

⁷ Ku Kami kakara rek dibuktikeun ayeuna,
tur beda ti nu ti heula-heula. Supaya lamun

enggeus kajadian, maraneh ulah nyebutkeun yen geus nyaho ti samemehna.

⁸Kami nyaho maraneh moal ngandel. Nyaho, maraneh teh geus kaceluk tukang ngalawan. Eta sababna nu matak maraneh can pisan dibere ngadenge ieu perkara, sakecap ge can aya nu nepi kana ceuli maraneh.

⁹Kami nyabar-nyabar maneh nahan amarah, ulah nepi ka ngabasmi ka maraneh, supaya jalma-jalma ngagungkeun ka Kami.

¹⁰Maraneh ku Kami disangsara, diuji, lir perak diuji ku seuneu. Tetela maraneh teh taya hargana.

¹¹Pangna Kami midamel kitu, sabab: ulah nepi ka jenengan Kami aya anu ngarerendah, ulah nepi ka kamulyaan Kami dicoceng ku batur, sabab eta teh hak Kami sorangan."

¹²Timbalan PANGERAN, "Darengekeun eh Israil, eh umat anu ku Kami geus disaur! Kami teh Allah, Anu awal, Anu ahir, Allah anu tunggal.

¹³Panangan Kami ngajadikeun dadasar bumi, mentangkeun cakrawala. Upama langit jeung bumi dicalukan ku Kami, seug nyalampeurkeun sapada harita.

¹⁴Coba karumpul! Darengekeun! Taya hiji brahala anu bisa ngawejangkeun yen jalma anu dipilih ku Kami teh bakal narajang Babul; manehna bakal ngajalankeun pangersa Kami.

¹⁵ Nya Kami anu ngandikakeun hal eta, anu nyaurna. Eta ku Kami dijurung jeung disina unggul.

¹⁶ Ka darieu sing deukeut! Darengekeun ieu Kami. Ti alam mimiti keneh ge Kami geus bruk-brak ngandika, sarta pangandika Kami tea kabeh geus nyata." (Ayeuna PANGERAN Nu Maha Kawasa ngawasakeun ka kaula. Kaula ku Mantenna diutus.)

¹⁷ Allah Israil nu suci, PANGERAN, anu ngajait maraneh tea nimbalan, "Kami teh PANGERAN Allah maraneh, anu ngawurukan ka maraneh keur kapentingan maraneh keneh, nungtun kana jalan anu samistina.

¹⁸ Coba mun maraneh narurut kana timbalan-timbalan Kami, tan wande meunang nugraha jeung berkah, anu ngocor lir walungan anu tara saat! Tan wande kaunggulan teh mapag lir ombak muru basisir.

¹⁹ Tan wande maraneh loba turunan lir keusik lobana, jeung ku Kami dijaga supaya teu musna."

²⁰ Geura kalaluar ti Babul, lumpat bebas! Celukkeun sing gumbira, sebarkeun ka mana-mana ieu warta: "PANGERAN geus ngajait Israil abdi-Na!"

²¹ Basa PANGERAN nungtun umat-Na ngambah gurun keusik anu panas, umat-Na teu kungsi ripuh halabhab. Mantenna

ngabijilkeun cai tina batu cadas, cadasna disina beulah, caina ngagolontor.

²²"Ari anu daroraka mah pamohalan salamet," timbalan PANGERAN.

49¹Eh bangsa-bangsa nu aranggang, jalma-jalma nu jarauh, darengekeun: Memeh kaula dijurukeun, ku PANGERAN geus dipilih jeung diangkat jadi abdi-Na.

²Omongan kaula ku Mantenna disina seukeut lir pedang. Panangana-Na ku manten baris nangtayungan kaula. Kaula ku Mantenna dijieun lir jamparing, seukeut tur siap digunakeun.

³Timbalan Mantenna ka kaula, "Eh Israil, maneh teh abdi Kami. Ku jalan maneh, jalma-jalma bakal ngamulyakeun ka Kami."

⁴Tapi ceuk kaula, "Eta parantos ku abdi dilampahkeun, nanging mubadir. Dilampahkeun dugi seep tanaga, nanging teu aya pisan hasilna." Tapi kaula percaya, PANGERAN bakal ngabel, pagawean kaula tangtu aya ganjaranana.

⁵Memeh kaula dijurukeun, ku PANGERAN geus diangkat, dijadikeun abdi-Na pikeun mawa mulang umat-Na, nya eta urang Israil anu pabalencar. Kaula ku PANGERAN dipaparin kahormatan. Pikeun kaula, Mantenna teh sumber kakuatan.

⁶PANGERAN nimbalan ka kaula, "Aya pidameleun Kami pikeun maneh, anu leuwih penting, eh abdi Kami! Maneh lain ngan

bakal mulihkeun deui kajayaan bangsa Israil nu nyesa keneh. Sajaba ti eta teh maneh rek dijadikeun cahaya, nu nyaangan bangsa-bangsa, sangkan saalam dunya rahayu."

⁷ Allah Israil nu suci, jurusalamet, nimbalan ka hiji jalma nu kacida dihinana, anu dipikacua ku bangsa-bangsa, jeung keur dibadegakeun ku raja-raja. Timbalana-Na, "Raja-raja bakal narenjo maneh menyat, seug carengkat, ka maneh ngahormat. Kitu deui para kapala ka maneh tangtu sarujud." Hal ieu tangtu bakal bukti kajadian, sabab PANGERAN geus milih eta abdi-Na. Allah Israil nu suci teh tigin kana jangji.

⁸ PANGERAN ngadawuh ka umat-Na, "Lamun geus waktuna ngajait maraneh, Kami tangtu luntur manah kersa ngadangu panyambat maraneh. Maraneh tangtu diraksa dijaga. Sarta ku jalan maraneh Kami rek ngadamel perjangjian jeung sakabeh manusa. Maraneh meunang maratuh deui di tanah sorangan nu geus kalantar.

⁹ Ka sakur nu keur dipanjara, Kami rek ngadawuh, Geura bebas! Ka nu keur araya di nu poek, Kami rek ngadawuh, Geura kaluar ka nu caang! Maranehna bakal bebas, lir domba dikencarkeun ka pasir sina nyaratuan.

¹⁰ Moal kalaparan, moal kahalabhaban, moal kabetrak ku panonpoe, moal kagarang ku tegalan anu panas ngentak-ngentak.

Sabab bakal diasuh ku anu maha welas ka maranehna. Ku Mantenna bakal dibawa ka cinyusu.

¹¹ Kami rek ngadamel jalan gede liwat gunung-gunung, jalan keur umat Kami.

¹² Umat Kami bakal daratang ti nu jarauh, ti tatar kaler, tatar kulon, jeung ti tatar kidul, ti tanah Sinim."

¹³ Langit geura emprak! Jagat geura surak!
Gunung-gunung geura sarenggak! Sabab PANGERAN bakal ngalilipur ka umat-Na,
bakal mikawelas ka maranehna, anu eukeur salangsara.

¹⁴ Tapi ceuk urang Yerusalem, "PANGERAN geus nilarkeun ka urang, geus ngalalikeun."

¹⁵ Ku sabab kitu PANGERAN ngawaler, "Ari indung naha sok pohoeun ka orokna? Naha sok teu nyaahheun ka anak tegesna? Tapi najan aya ge indung anu teu nyaah ka anak, Kami mah hamo lali ka maraneh.

¹⁶ Kami hamo bisa poho ka maneh, eh Yerusalem! Ngaran maneh ku Kami geus ditulis dina dua dampal panangan.

¹⁷ Nu bakal ngadegkeun deui maneh moal lila deui ge daratang. Ari anu bareto ngagempur bakal nyalingkir.

¹⁸ Tenjo ka sakuriling, tuh aya naon! Tuh, rahayat maneh geus ngagarimbung, arek marulang ka dieu! Demi Kami teh Allah anu jumeneng, maneh engke bakal agul ku eta

rahayat, cara panganten awewe agul ku perhiasanana.

¹⁹ Nagri maneh geus runtuh, geus suwung. Tapi moal lila deui ge ieu nagri teh bakal karasa leutik teuing, sabab bakal gegek ku itu anu keur daratang. Ari nu ngalantarankeun maneh jadi suwung, bakal aringkah ti maneh.

²⁰ Rahayat maneh anu dijurukeun di pangbuangan, engke bakal ngaromong kieu ka maneh, Ieu tanah geus sesek teuing, urang butuh tempat deui pikeun enggon cicing.

²¹ Seug maneh bakal ngomong sorangan. Ieu barudak pikeun aing teh dijurukeun ku saha? Da anak-anak aing mah geus teu araya, jeung aing teu ngajuru deui. Pan aing teh aya nu ngabuang. Jadi ieu barudak digedekeun ku saha? Aing teh kapan sorangan, jadi ieu barudak asalna ti mana?"

²² PANGERAN Nu Maha Agung nimbalan ka umat-Na, "Kami rek mere isarat ka bangsa-bangsa. Maranehna bakal ngalanteurkeun barudak maneh marulang.

²³ Pikeun maneh, eta raja-raja teh ibarat bapana eta barudak, ari ratu-ratu minangka indungna. Ka maneh bakal sarujud, nyarembah, ngahormat, ngarendahkeun diri. Ti dinya maneh kakara bakal nyaho yen Kami teh PANGERAN. Anu ngaharep pitulung ti Kami moal gaplah."

²⁴ Bisa maneh ngarebut barang anu geus direbut ku serdadu? Bisa maneh ngarebut tawanan ti jalma nu bengis?

²⁵ PANGERAN keneh anu ngawalerna, "Kieu engke pijadieunana: Para tawanan teh rek direbut ti serdadu. Jarahan jalma lalim rek dirampas. Anu merangan ka maneh rek diperangan. Barudak maneh ku Kami rek dibebaskeun.

²⁶ Anu nyangsara ka maneh bakal silih paehan, bakal marabok ku getihna sorangan. Geus kitu sakabeh jalma bakal nyaraho yen Kami teh PANGERAN, anu nyalametkeun jeung ngabebaskeun maneh. Maranehna bakal nyaraho, yen Kami teh Allah Israil anu kawasa."

50¹ PANGERAN nimbalan, "Na kitu Kami miceun umat teh kawas salaki nyerahkeun pamajikanana? Cik mana surat talakna? Kami ngajual maraneh ka pangbuangan teh dikira kawas bapa ngajual anakna sina jaradi badega? Maraneh pangna dibuang teh sabab boga dosa, nyarieun kajahatan.

² Ku naon umat Kami teu daek nolih, basa ku Kami arek dijait? Basa disalaur ku naon teu narembalan? Na Kami teh kacida lembekna, mo bisa nulungan? Laut ge mun ceuk Kami saat, saat! Kami bisa ngarobah walungan jadi gurun keusik, laukna ting arengap kasaatan.

³Kami bisa ngarobah langit jadi medem poek, kawas nu ngungun katinggal paeh."

⁴PANGERAN Nu Maha Agung ngawulangkeun piomongeun kaula, sangkan bisa ngalilipur ka nu sungkawa. Unggal isuk kaula ku Mantenna disina nyoso ka nu rek diwulangkeunana.

⁵Kaula ku PANGERAN dipaparin pangarti, sangkan kaula teu baha, teu ingkar ti Mantenna.

⁶Tonggong diteunggeulan ku batur, pasrah. Dipoyok, pasrah. Didudutan bulu janggot, pasrah. Diciduhan beungeut, pasrah.

⁷Panghina maranehna ka kaula taya matakna, sabab PANGERAN Nu Maha Agung nulungan ka kaula. Kabeh ku kaula ditarima, sabab nyaho yen moal matak jadi hina,

⁸sabab Allah deukeut ka kaula, anu bakal nganyatakeun yen kaula teu salah. Saha anu rek nyalahkeun ka kaula? Hayu urang bareng ka pangadilan! Pek di ditu ucapkeun pangdakwana!

⁹PANGERAN Nu Maha Agung bakal ngabelaan kaula. Coba, saha nu bisa nuduhkeun kasalahan kaula? Sakur anu ngadarakwa bakal musna, sirna kawas pakean beak ku geget.

¹⁰Maraneh kabeh, anu ajrih ka PANGERAN, jeung nurut kana omongan abdi-Na, sanajan upama nyorang jalan poek ge masing ngandel ka PANGERAN, percaya ka Allah.

¹¹ Ari maraneh, anu boga pokal nyilakakeun ka batur, tangtu cilaka ku pokal sorangan. PANGERAN ku manten nu ngersakeunana kitu. Maraneh kabeh bakal kacida cilakana.

51 ¹PANGERAN ngadawuh, "Anu harayang salamet, anu marenta tulung ka Kami, darengekeun. Sing aringet kana batu cadas asal maraneh, kana legok urut maraneh dikali.

²Sing aringet ka karuhun maraneh, Ibrahim, jeung Sarah, asal maraneh gumelar. Basa ku Kami disaur, Ibrahim teu boga anak. Seug ku Kami diberkahan, dibere anak, dibere turunan kacida lobana.

³Kami rek mikawatir ka Yerusalem, ka nu caricing di eta ruruntuk kota. Tanahna anu geus suwung kawas gurun, rek dijieun lir tanah taman Eden, sina pinuh ku kasukaan, ku lagu pupujian jeung panarima ka Kami.

⁴Eh umat, dengekeun dawuhan Kami: Kami ka bangsa-bangsa geus mere papakon, undang-undang Kami bakal nyaangan ka maranehna.

⁵Maranehna rek buru-buru dijait. Kami tereh ngahontal kaunggulan. Kami pribadi anu bakal ngarajaan eta bangsa-bangsa. Tanah-tanah nu jarauh keur nunggu-nunggu Kami, ngarep-ngarep hayang geura dijait.

⁶Teuteup langit, awaskeun jagat! Langit bakal ngiles kawas haseup. Jagat bakal bobo kawas baju butut. Manusa bakal paraeh

kawas laleur. Sabalikna karahayuan ti Kami mah langgeng, kaunggulan Kami sampurna tutugna.

⁷ Raregepkeun ku maraneh anu nyaraho ka nu bener, anu tigin kana papakon-papakon Kami. Maraneh ulah rejag ku nu moyok atawa ngagogoreng.

⁸ Nu maroyok teh bakal musna, lir baju beak ku geget. Sabalikna karahayuan Kami mah langgeng, kaunggulan Kami saendeng-endeng."

⁹ Enggal tandang, nun PANGERAN, anggo kakawasaan, tulungan abdi sadaya, anggo kakawasaan, sapertos jaman kapungkur. Nya Gusti anu kapungkur nyacag mahluk laut anu ngaran Rahab.

¹⁰ Nya Gusti anu kapungkur nyaatkeun laut, ngadamel jalan nembus cai, dugi ka anu ditulungan ku Gusti tiasa mareuntas.

¹¹ Sugri anu parantos dijait ku Gusti, bakal darongkap ka Yerusalem kalayan bingah, bari nyaranyi sareng sarurak. Maranehna bakal bagja salamina, bebas salamina tina kasangsaraan sareng kaprihatinan.

¹² PANGERAN ngadawuh, "Ieu Kami anu mere kakuatan ka maraneh. Ku naon make sarieun ku manusa, anu umurna pondok saumur jukut?

¹³ Naha geus paroho ka PANGERAN, anu ngajadikeun maraneh, anu geus ngabeberkeun langit jeung nerapkeun dasar

bumi? Ku naon sarieun ku nu keur amarah, ku anu nganiaya jeung rek numpes? Maraneh moal beunang deui ku musuh.

¹⁴ Anu ayeuna keur dipanjara, bakal tereh bebas, malah bakal paranjang umur jeung loba rejeki.

¹⁵ Kami teh PANGERAN Allah maraneh. Kami ngahudangkeun laut, ombakna sina jumegur. Jenengan Kami: PANGERAN Nu Maha Kawasa!

¹⁶ Kami ngabeberkeun langit, ngamparkeun dasar bumi. Ceuk Kami ka Yerusalem: Maneh umat Kami! Maneh ku Kami geus dibere pangajaran. Panangan Kami ngaping ka maneh."

¹⁷ Geura lilir, Yerusalem! Geura hudang! Geura cengkat! Maneh geus nginum eusi lumur hukuman, anu ku PANGERAN, sajeroning bendu, dititah diinum. Ku maneh geus diinum kabeh, nepi ka maneh sasampoyongan.

¹⁸ Ka maneh euweuh nu karunya mangnuntunkeun. Rahayat maneh hiji ge euweuh nu nyangkeh ka maneh.

¹⁹ Maneh enggeus katurug katutuh, tanah ruksak ku perang, rahayat paeh kalaparan, turug-turug euweuh anu mikarunya.

²⁰ Rahayat maneh tinglenggerek di jalan-jalan, kapaahan lantaran kalaparan, kawas peucang kaeurad ku nu moro, keuna ku bendu Allah sakitu bangetna.

²¹ Eh urang Yerusalem nu keur sangsara,
anu keur sasampoyongan kawas nu mabok!

²² Maraneh bakal dibelaan ku PANGERAN.
Allah maraneh ngadawuh, "Lumur anu
diinumkeun ka maneh basa Kami bendu,
ku Kami rek dicokot. Eta anggur anu matak
lanjung tong diinum deui.

²³ Ku Kami rek diinumkeun ka anu nganiaya
ka maraneh, anu ngalantarankeun maraneh
tinggolepak di jalan-jalan, anu ka maraneh
geus narincakan kawas ka leutak."

52¹ Eh Yerusalem, geura jagjag jaya deui!
52 Eh kota Allah nu suci, geura disalin
ku baju anu aralus! Lawang maneh moal
kaasupan deui ku urang kapir.

² Geura kikirab, cengkat ti nu ngebul, geura
diuk deui dina singgasana! Eh urang Sion
nu dibaroyong, geura buka eta belenggu
barogod teh!

³ PANGERAN ngadawuh ka umat-Na, "Basa
maraneh jaradi badega batur, tanaga henteu
dibayar. Jadi ngabebaskeunana oge henteu
kudu ngaluarkeun duit.

⁴ Basa maraneh ngaradon ngumbara di
Mesir, ka daritu teh andon suka. Sabalikna
waktu maraneh ka Asur mah dibawana
kalawan paksa, boro-boro meunang bayaran.

⁵ Ayeuna maraneh dikitukeun teh ku Babul,
jadi tawanan tanpa bayaran. Anu karumawasa
ka maraneh teh nya garumede nya suaban
jeung ngagogoreng bae ka Kami.

⁶Tapi engke ku maraneh bakal katenjo yen anu diandikakeun ka maraneh teh bener, yen Kami teh Allah."

⁷Resep temen engke nenjo nu datang meuntas gunung-gunung, mawa beja matak suka, hal pitengtremeun jeung hal kaunggulan! Eta utusan ngomong ka Sion, "Allah maraneh jumeneng Raja!"

⁸Ger surak nu eukeur jaraga kota, awahing ku bungah! Sabab narenjo sorangan PANGERAN sumping ka Sion.

⁹Gederkeun surak, eh ruruntuhan Yerusalem! PANGERAN rek mulihkeun kota kagungana-Na, sarta ngalilipur umat-Na.

¹⁰PANGERAN rek metakeun pangawasa-Na nu suci, rek ngarahayukeun umat-Na, bakal katenjo ku saalam dunya.

¹¹Sing tumaninah kalaluar ti Babul, eh anu ngagarotong parabot Bait Allah! Ati-ati, bisi antel kana barang larangan, usahakeun supaya maraneh tetep beresih.

¹²Maraneh henteu kudu rurusuhan, ulah jiga nu rek kalabur. PANGERAN Allah maraneh nu bakal nungtun, ngaping ngajaring ti saban madhab.

¹³PANGERAN ngadawuh, "Abdi Kami bakal hasil digawena, anjeunna bakal kacida dihormatna.

¹⁴Tadina loba jalma anu karageteun barang narenjo anjeunna, sabab awakna kacida ruksakna, geus meh teu jiga jelema.

¹⁵Tapi ayeuna! Bangsa-bangsa mani bengong ku anjeunna. Raja-raja nepi ka baralem ku helok-helokna, narenjo perkara anu tadina can kadenge-denge acan bejana."

53¹Jawab jelema-jelema, "Atuh da tadina mah saha nu rek percaya kana eta warta? Da tacan aya anu kungsi nenjo, yen eta teh beunang panangan PANGERAN ngatur!

²Geus kersaning PANGERAN eta abdi-Na teh sina kitu, lir tangkal anu jadina dina taneuh angar. Teu martabat, teu harkat, taya pisan panarikna. Jadi urang teh teu hayang ngadeukeutan.

³Anjeunna ku urang dihina, ditampik, teu kendat lara nandang kanyeri. Saurang ge euweuh nu hayangeun nenjo-nenjo acan ka anjeunna, ku urang teu dipalire, dianggap teu aya bae.

⁴Disangka ku urang mah sangsarana teh lantaran dihukum ku Allah. Sihoreng keur nalangan urang! Da saenyana mah urang anu kuduna nandang lara jeung nyeri teh.

⁵Pang anjeunna taratu teh, ku karana dosa urang. Anjeunna pada ngarangketan, ku karana kajahatan urang. Anjeunna nandangan hukuman, sangkan urang disalametkeun, anjeunna raraheut, sangkan urang dicageurkeun.

⁶Urang teh ibarat domba leungit, ngalantrah neangan jalan sorangan. Tapi hukuman anu

kuduna keuna ka urang, ku PANGERAN diteumbleuhkeun ka anjeunna.

⁷ Anjeunna dikaniaya teu kira-kira, tapi sakiat-kiat nangankeun anjeun, henteu embut lambe-lambe acan. Lir anak domba nu rek dipeuncit, lir domba nu rek dicukur buluna, henteu kecet-kecet acan.

⁸ Anjeunna didakwa, dihukum, tuluy digiring rek ditelasan. Ku jalma-jalma henteu dipirosea. Anjeunna pupus dihukum pati, ku karana dosa rahayat urang.

⁹ Pupusna dihijkeun jeung jalma-jalma jahat, dimakamkeun reujeung nu beunghar. Padahal anjeunna teh jajauheun tina jahat, tara bohong-bohong acan."

¹⁰ PANGERAN ngadawuh, "Eta geus pangersa Kami anjeunna kudu sangsara. Pupus jadi kurban pikeun nebus dosa. Ku jalan kitu yuswana bakal panjang, sarta pinigalieun turunanana. Nya ku jalan anjeunna, pangersa Kami bakal ngajadi.

¹¹ Sanggeus leupas tina hirup sangsara, anjeunna bakal senang deui, sarta bakal karaoseun, yen sangsarana teh teu gaplah. Eta abdi Kami nu satuhu, anu dipikasuka ku Kami, bakal nanggung kasalahan jalma loba. Sarta ku karana anjeunna, kasalahan jalma-jalma teh ku Kami bakal dihampura.

¹² Ku sabab kitu anjeunna rek dipaparin tempat kaajen, di antara anu karawasa jeung aragung. Anjeunna geus ihlas ngurbankeun

nyawa nalangan hukuman jalma doraka, jadi gaganti jalma doraka. Sarta mangnedakeun sangkan maranehna bisa dihampura."

54¹ Eh Yerusalem, bareto maneh ibarat awewe nu teu boga anak. Ayeuna mah maneh bakal bungah, sabab bakal boga anak. Tur leuwih loba ti batan anu boga keneh salaki.

² Kemah maneh kudu dilegaan, tambang-tambangna panjangan. Pancuh-pancuhna sing parageuh.

³ Wawatesan wewengkon maneh bakal ngalegaan ka ditu ka dieu. Rahayat maneh bakal marulang deui, ka tanah anu ayeuna keur diandih ku bangsa-bangsa sejen. Kota-kota anu geus saruwung bakal gegek ku jelema.

⁴ Tong salempang! Sabab maneh moal aya anu ngahina deui, moal aya anu ngawiwigirang deui. Kabalangsakan lantaran maneh geus teu satia ti ngongora, engke mah kapopohokeun. Kaprihatinan waktu keur cuang-cieung jadi randa, moal kainget-inget deui.

⁵ Anu nyiptakeun maneh, anu jenenganana PANGERAN Nu Maha Kawasa, bakal jadi ibarat salaki maneh. Allah Israil nu suci, raja sakuliah jagat, bakal ngajait maneh.

⁶ Eh Israil, maneh ibarat hiji pamajikan anu ti ngongora ditinggalkeun ku salaki, nepi ka nguluwut pikir. Tapi ku PANGERAN geus dihiap deui. Dawuhana-Na,

⁷ "Kami ninggalkeun teh ngan sakeudeung. Ayeuna rek ngaku deui, diwuwuh ku asih anu taya papadana.

⁸ Kami bendu nepi ka ninggalkeun teh teu lila. Ayeuna rek mikanyaah sapapanjangna." Kitu dawuhan PANGERAN, anu ngajait maneh.

⁹ "Keur jaman Enoch Kami geus jangji, yen moal ngeueum deui ieu bumi. Ayeuna Kami jangji moal bendu deui ka maneh, moal nyeuseul atawa ngahukum deui.

¹⁰ Gunung jeung pasir bisa urug. Tapi kanyaah Kami ka maneh teh moal aya tungtungna. Jangji Kami ka maneh moal udar, rek mere kanugrahaan." Kitu dawuhan PANGERAN anu asih ka maneh.

¹¹ PANGERAN ngadawuh, "Yerusalem, Yerusalem! Maneh teh balangsak. Euweuh nu nulung, euweuh nu ngalilipur. Pademen maneh ku Kami rek dipasangkeun deui, batu-batuna rek make anu aralus.

¹² Munara-munarana rek ku mirah dalima. Gapura-gapurana ku batu manikem anu ngagebur. Kutana rek ku permata.

¹³ Rahayat maneh arek diwuruk ku Kami pribadi. Hirupna sina makmur, sina talengtrem.

¹⁴ Maneh arek diajegkeun, ku adil jeung bener. Jeung aman, moal kasedek ku nu rek nindes, moal kasorang ku bahya.

¹⁵ Mun maneh aya nu nempuh, eta lain idin Kami. Anu merangan ka maneh, saha ge tangtu rubuh.

¹⁶ Panday beusi Kami nu ngayakeunana, sina nyieun seuneu, nyieun pakarang. Serdadu-serdadu nu make eta pakarang pikeun maehan, Kami nu nyiptakeunana.

¹⁷ Jadi satiap pakarang anu dipake narajang ka maneh, moal matak kua-kieu. Jeung satiap maneh aya anu merkarakeun, maneh bakal bisa ngalawan. Abdi-abdi Kami ku Kami tangtu diraksa, disina arunggul." Kitu dawuhan PANGERAN.

55 ¹ PANGERAN ngadawuh, "Eh sakur nu halabhab, ka darieu, nginum! Anu henteu baroga duit, ka darieu, ieu dahareun dalahar, teu kudu mayar. Anggur jeung susu, teu kudu dibeuli.

² Keur naon ngabalanjakeun duit ka nu henteu matak seubeuh? Keur naon meulikeun upah digawe, ari beuteung angger lapar? Ieu dawuhan Kami regepkeun! Tangtu maraneh bakal seubeuh ku dahareun nu panghadena.

³ Eh umat, ka darieu, hiap, tangtu maraneh hirup! Kami rek nyieun perjangjian langgeng jeung maraneh. Jeung kurnia Kami, anu bareto dijangjikeun ka Daud, bakal diserenkeun ka maraneh.

⁴ Manehna ku Kami dijenengkeun pamingpin, ngapalaan bangsa-bangsa. Ku jalan

manehna, kakawasaan Kami dinyatakeun ka bangsa-bangsa.

⁵Ayeuna maraneh bisa nyalukan bangsa-bangsa anu tacan wawuheun ka maraneh. Eta bangsa-bangsa bakal muru-muru ka maraneh. Hal eta rek dibuktikeun ku Kami, Allah maraneh, Allah Israil nu suci. Maraneh bakal mulya, bakal agung."

⁶Geura tarobat ka PANGERAN. Geura sasambat ka Mantenna anu geus deukeut.

⁷Anu jarahat geura robah kalakuan, geura garanti pikiran. Geura tarobat ka Allah kaula. Mantenna sipat welas jeung hampuraan.

⁸Dawuhana-Na, "Pikiran Kami lain saperti pipikiran maraneh. Jalan Kami lain saperti jalan maraneh.

⁹Sakitu luhurna langit ti bumi, sakitu jauhna jalan jeung pikiran Kami ti jalan jeung pipikiran maraneh.

¹⁰Saperti ibun jeung hujan turun ti langit, maseuhan bumi, nuwuhkeun pepelakan, ngabijilkeun bibinihan jeung dahareun,

¹¹nya kitu pangandika anu kaluar ti Kami, moal gagal mawa tujuan pangersa Kami. Sagala pangersa Kami, ku eta tangtu dilaksanakeun.

¹²Maraneh bakal marulang ti Babul bari garerah. Dituyun kaluar ti dinya kalawan salamet. Gunung-gunung, pasir-pasir, bakal ngarawih, tatangkalan emprak.

¹³Rungkun cucuk diganti ku tangkal camara, tangkal cucuk diganti ku tangkal pacar walanda. Eta pikeun tanda anu langgeng, tanda tittinggal hasil damel Kami, PANGERAN."

56 ¹PANGERAN nimbalan ka umat-Na, "Lampahkeun naon nu adil jeung bener. Sabab Kami tereh datang pikeun nyalametkeun maraneh.

²Bagja anu tigin kana poe Sabat, anu henteu ngarempak eta, ku Kami tangtu diberkahan. Bagja anu henteu nyieun kagorengan."

³Urang asing anu milu ka umat PANGERAN, ulah boga rasa, "Aing mah meureun moal diidinan ku PANGERAN milu ngabakti jeung umat-Na." Jalma kabiri ulah boga pikir, yen moal kaasup umat Allah lantaran teu boga anak.

⁴Ka jalma-jalma kabiri kieu dawuhan PANGERAN, "Lamun maneh hormat ka Kami ku jalan ngestokeun poe Sabat, jeung ngalampahkeun perkara anu dipikasuka ku Kami sarta tigin kana perjangjian Kami,

⁵ngaran maneh tan wande dipikainget di jero Bait Kami jeung di tengah umat Kami, tur leuwih langgeng ti batan anu baroga anak lalaki-awewe. Maneh moal kapopohokeun."

⁶Ka urang asing anu asup jadi umat Mantenna, anu tigin kana poe Sabat jeung pageuh kana perjangjian Mantenna, kieu dawuhan PANGERAN,

⁷ "Maneh ku Kami tangtu dibawa ka Sion,
ka gunung Kami nu suci, dibere kabagjaan di
gedong paranti neneda ka Kami, sarta kurban
maraneh ka Kami dina altar tangtu ditarima.
Bait Kami bakal disarebut gedong paranti
neneda sagala bangsa."

⁸ PANGERAN Nu Maha Agung, nu nyandak
umat-Na mulang ti pangbuangan geus jangji,
yen jalma-jalma bangsa asing oge tetep bakal
dicandak; sina bareng jeung umat-Na.

⁹ PANGERAN bareto geus nimbalan supaya
bangsa-bangsa sing saibarat sato-sato galak,
sing ngalegleg ka umat Mantenna.

¹⁰ Dawuhana-Na, "Pamingpin-pamingpin anu
kudu mepeligan umat Kami teh lalolong!
Taya kanyaho! Kawas anjing kedul, dititah
ngajaga, ngagogog ge tara, gawena hees
jeung ngimpi. Bareuki hees!"

¹¹ Jeung kawas anjing, sarakah euweuh
seubeuhna. Eta para pamingpin teh teu ngarti
naon-naon, ngan marentingkeun dirina bae,
harayang untung sorangan.

¹² Kadieukeun anggur, ceuk maranehna
marabok, urang nginum pupuasan. Isukan
urang teruskeun deui leuwih ti kieu."

57 ¹ Jelema-jelema nu balageur geus
maraot, tur taya nu ngarti, taya
nu mirosea. Tapi maraotna teh luput tina
kacilakaan.

² Nu balageur mah maraotna bakal reureuh
dina katengtremen.

³Ari maraneh, tukang migawe dosa, ka
darieu, ieu hukuman tarima! Maraneh teu
leuwih hade ti tukang sihir, tukang ngaranyed,
jeung tukang lacur.

⁴Saha karah anu ku maraneh dijieun lulucon
jeung dilelewe teh, eh jelema-jelema palsu?

⁵Maraneh nyarembah ka dewa-dewa
kasuburan, ngaranyed di handapeun tangkal-
tangkal karamat maraneh. Anak sorangan
dikurbankeun, dipeuncit dina beulah-beulah
cadas deukeut sirah walungan.

⁶Maraneh ti dinya mulung batu reok
anu lesang, disembah jeung dipiallah,
dipangnyiciankeun anggur, dikurbanan
gandum. Dikira Kami panuju?

⁷Di gunung-gunung anu laluhur maraneh
ngurban jeung nyacapkeun birahi.

⁸Brahala-brahala lambang lampah cabul ku
maraneh mani diteundeun dina bangbarung
panto, Kami mah geus diculkeun. Seug
maraneh teh bubuka pakean, naek kana
ranjang gede, otel nepi ka seubeuh jeung
awewe anu dihaja dibayar keur kitu.

⁹Maraneh nyarembah ka si Molek, mere
seuseungitan jeung paparem. Maraneh
sok ngahaja nitahan jelema sina neangan
brahala-brahala ka mana-mana keur
sebaheun, malah nepi ka enggon nu paeh
neangan teh.

¹⁰Maraneh nareangan brahala-brahala
lianna deui teh datang ka carape, tapi

teu teter-teter. Pangira maraneh mah eta sumanget kitu teh ti brahala-brahala lambang cabul maraneh.

¹¹ PANGERAN ngadawuh, "Na saha eta brahala-brahala anu ku maraneh disembah teh, nepi ka maraneh wani ngabohong jeung poho ka Kami? Naha pedah Kami ngantep sakitu lilana, pang maraneh teu hormat deui ka Kami teh?

¹² Pamikir maraneh mah eta kalakuan kitu teh bener. Kalakuan maraneh kitu ku Kami rek dibolekerkeun, brahala-brahala maraneh pamohalan bisa ngabelaan.

¹³ Mun engke maraneh jejeritan menta tulung, keun eta arca-arca teh sina nyalametkeun maraneh. Sakali ge dikebut ku angin, ngarapung eta arca-arca teh! Sabalikna anu muntang ka Kami mah bakal tetep matuh di ieu tanah, bisa ngabakti ka Kami di Bait Kami."

¹⁴ PANGERAN ngadawuh, "Umat Kami sina baralik ka Kami deui. Jieun jalanna, singkirkeun hahalangna!

¹⁵ Kami teh Allah anu maha luhur jeung suci, anu jumeneng salalanggengna. Panglinggihan Kami luhur jeung suci, tapi Kami oge ngareujeungan ka anu rarendah hate jeung tarobat, geusan mulihkeun kayakinan jeung pangharepanana.

¹⁶Kami rek ngahirupan maranehna,
moal diseukseukan atawa dibenduan deui
sapapanjangna.

¹⁷Kami mah bendu soteh ku tina dosa jeung
kasarakahan maranehna, nu matak ku Kami
dihukum, ditinggalkeun. Tapi maranehna
ngan ngalawan bae, hirupna sakarep-karep.

¹⁸Kami geus nenjo kalakuanana kumaha.
Tapi ku Kami rek dicageurkeun, rek ditungtun
ditulungan, anu prihatin rek dililipur.

¹⁹Rahmat Kami teh pikeun kabeh, nu
dareukeut nu jarauh. Maranehna ku Kami rek
dicageurkeun.

²⁰Tapi jelema jahat mah saibarat laut
motah, salawasna ombak-ombakan bae
nyered runtah jeung rupa-rupa kokotor.

²¹Nu marigawe dosa mah moal manggih
katengtreman," timbalan PANGERAN.

58¹PANGERAN ngadawuh, "Celukkeun
sataker tanaga ka umat Kami Israil!
Sebutkeun ka maranehna dosa-dosana!

²Memang unggal poe ge maraneh
ngabarakti ka Kami, pajar harayang nyaho
kana pangersa-pangersa Kami, pajar narurut
kana hukum-hukum Kami. Carekna mah
maranehna resep ngabarakti ka Kami sarta
harayang kana hukum Kami anu adil."

³Ceuk jelema-jelema, "Jang naon puasa ari
ku PANGERAN henteu dipirosea mah? Jang
naon ngosongkeun beuteung ari ku Mantenna
henteu dipalire?" Dawuhan PANGERAN,

"Saenyan maraneh paruasa teh ngan pikeun ngudag kapentingan pribadi bae, ka nu karuli ge nepikeun ka ngagencet.

⁴ Maraneh mah paruasa teh kalah jadi kasar adat jeung cekcok nepi ka garelut. Dikira ku puasa kitu Kami daek ngadengekeun paneda maraneh?

⁵ Paruasa mani ngariripuh maneh, mani ngulahekkeun sirah kawas daun jukut ngulapes, ngedeng dina karung diamparan lebu. Nu kitu anu ku maraneh disebut puasa teh? Dikira Kami resep kana cara siga kitu?

⁶ Puasa pamenta Kami mah kieu: Kudu daek nulung batur. Mun batur meunang kateuadilan nepi ka jadi bangbaluh hatena, leupaskeun.

⁷ Sing daek mere ka nu kalaparan, daek ngarapek semah miskin anu teu bogaeun imah, daek makean ka nu rugin, daek ngabantu ka dulur atawa ka baraya.

⁸ Lamun kitu mah rahmat Kami bakal nyinaran lir srangenge meletek, nepi ka maraneh tereh cageur. Tangtu ku Kami diraksa salalawasna supaya marulus, diaping ti ditu ti dieu.

⁹ Unggal neneda tangtu didenge, saban sasambat tangtu dijawab. Lamun maraneh geus tara teungteuingeun deui, tara tudang-tuding deui, tara hasud deui, tara ngomong goreng deui,

¹⁰ terus daek nalang ka nu lapar, daek mere ka nu kakurangan, tangtu ucul tina kaewuh,

leungit poek datang caang kawas keur wanci manceran.

¹¹ Ku Kami baris diaping, dicukupan pangabutuh, lulus mulus kuat santosa, pijadieun saibarat taman anu cur-cor cai, lir cinyusu anu moal saat-saat.

¹² Maraneh sabatur-batur bakal bisa ngadegkeun deui adegan-adegan anu geus lila jadi ruruntuk, diadegkeun dina pademen asalna. Ku batur bakal kasebut ahli ngadegkeun deui kuta jeung adegan-adegan anu geus rarubuh."

¹³ PANGERAN ngadawuh, "Lamun maraneh nyucikeun poe Sabat, lamun dina poe eta nunda heula kapentingan pribadi, taat jeung ngajenan kana kasucionana, henteu nyanyabaan, henteu gawe naon-naon, henteu ngomongkeun nu euweuh eusina,

¹⁴ tan wande ngarasa genahna ngabakti ka Kami. Maraneh ku Kami rek dimashurkeun ka saalam dunya jeung mareunang nugraha di ieu tanah anu geus diserenkeun ka Yakub karuhun maraneh. Kitu timbalan Kami, PANGERAN."

59¹ PANGERAN teu ngajait ka maraneh teh lain ku sabab teu kawasa. Lain ku sabab teu iasaeun ngadangu kana panyambat maraneh.

² Saenyana mah ku sabab henteu kersaeun, sabab maraneh dosa ka Mantenna. Unggal

maraneh aya niat ngabakti ka Allah ngan teu bisa bae, sabab kahalangan ku eta dosa.

³ Maraneh salah, biasa ngabohong, biasa telenges, biasa maehan.

⁴ Mun indit ka pangadilan lain rek ngadegkeun kaadilan, maraneh mah hayang meunang padu, datang ka ngabohong. Sagala pangreka ngan pikeun ngusrukkeun batur.

⁵ (59: 5-6) Eta niat-niat anu jarahat teh ngabahyakeun, kawas endog oray matih ana megar nya jadi oray! Tapi eta paniatan-paniatan maraneh teh moal aya paedahna, ibarat baju anu bahanna tina ramat lancah!

⁶ (59: 5)

⁷ Rarancang-rarancang maraneh salawasna pidorakaeun bae. Jeung ari geus aya niat kitu teh maraneh nepi ka teu sabar ngadago. Ka nu teu boga salah nepi ka teu asa-asa maehan. Ka mana bae maneh datang, inditna ninggalkeun karuksakan jeung kaancuran.

⁸ Lamun maraneh aya di hiji tempat, saurang ge moal aya jalma nu aman. Sagala kalakuan maraneh euweuh nu adil. Jalan maraneh bulat-beulit, anu nempuh eta jalan moal aya nu salamet.

⁹ Ceuk jalma-jalma, "Nyaho ayeuna mah naon sababna Allah teh ngajait kuring ti anu ngagencet. Leumpang hayang kacaangan, tapi poek bae,

¹⁰nepi ka utag-atog kawas nu lolong. Ti
beurang ge titajong kawas ti peuting, asa
poek kawas di dunyana anu paraeh,

¹¹sieun, nalangsa. Kacida ngarep-
ngarepna hayang ku Allah dihanjatkeun tina
kasangsaraan, tina kasalahan. Tapi lapur!

¹²Nun PANGERAN, kajahatan abdi-abdi ka
Gusti kacida seueurna, ngadakwa ka diri abdi
sorangan. Kalintang rumaosna.

¹³Abdi-abdi parantos baha, parantos teu
nurut ka Gusti. Ngajepit ka pada jalmi,
mungkur ti Gusti. Palsu pikiran, palsu
omongan.

¹⁴Tebih tina rasa adil, anggang tina
bebeneran. Di tempat-tempat umum, anu
Ieres tibebes, anu jujur tikusruk.

¹⁵Jalmi jujur parantos langka, dugi ka anu
henteu pipilueun kana kajahatan jadi korban
kajahatan." PANGERAN geus uningaeun kana
eta kaayaan. Manah-Na hareneg ningali teu
aya kaadilan.

¹⁶Mantenna hemeng, jelema-jelema teh
teu aya anu daek nulungan ka nu keur
kajepit. Ku sabab kitu Mantenna rek nganggo
kakawasaana-Na pikeun ngajait maranehna,
rek ngadamel kaunggulan.

¹⁷Anjeunna rek dangdos, kaadilan minangka
raksukan kere-Na, kaunggulan minangka
balakutak-Na, sarta minangka jubah-Na
nya eta kapalay-Na anu ngagedur baris

menerkeun kaayaan anu teu bener, ngahukum ka nu jarahat anu nyangsara rahayat.

¹⁸ Musuh Mantenna, sanajan anu jarauh, bakal dihukum satimpal jeung kalakuanana.

¹⁹ Unggal jelema, ti wetan nepi ka kulon bakal sieun ku Mantenna, gimir ku kakawasaana-Na nu pikasieuneun. Mantenna tangtu sumping, hebat lir walungan anu keur mudal, lir angin anu ngagelebug.

²⁰ PANGERAN ngadawuh ka umat-Na, "Kami tangtu datang ka Yerusalem. Maraneh anu tarobat tangtu dijait dibelaan.

²¹ Kami rek nyieun perjangjian jeung maraneh, rek mere kakuatan jeung aturan-aturan pikeun pakeeun salalawasna. Ti ayeuna maraneh kudu nurut ka Kami. Anak maraneh kudu diajar nurut ka Kami, mimiti ti ayeuna saterusna."

60¹ Geura cengkat, Yerusalem! Sing moncorong kawas panonpoe. Maneh bakal kasorot ku kamulyaan PANGERAN.

² Bangsa-bangsa bakal kaalingan ku poek, maneh mah kacaangan ku Mantenna, bakal kahibaran ku cahaya Mantenna.

³ Bangsa-bangsa bakal daratang, raja-raja bakal muru-muru, katarik ku caang maneh, caang jaman anyar.

⁴ Tenjo ka sakuriling, aya naon! Rahayat maneh geus ngumpul arek marulang. Anak-anak maneh bakal daratang ti nu jarauh, nu awewe digarandong kawas barudak.

⁵ Maneh tangtu bungah nenjona, hate ngageter kagagas. Harta bangsa-bangsa bakal dibawaan ka maneh, kakayaanana bakal daratang ti peuntas laut.

⁶ Ti Midian jeung Epa murubul kapilah onta, jolna ti Syeba, marawa emas jeung dupa. Rahayat galecok nyaritakeun warta matak bungah, hal sagala kajadian dadamel PANGERAN.

⁷ Domba-domba ti Kedar jeung Nebayot bakal dibawaan ka maneh pikeun kurban baktikeuneun dina altar, pikeun nyukakeun manah PANGERAN. PANGERAN bakal midamel sangkan Bait-Na leuwih mulya ti batan bareto.

⁸ Itu iring-iringan kapal ti mana, tingsoloyong kawas mega, lir japati muru kandangna?

⁹ Kapal-kapal ti nu jarauh, ngakut umat Allah anu marulang, malah ngakut emas perak, pikeun ngahormat PANGERAN, Allah Israil nu suci, anu ngagerakkeun bangsa-bangsa sina ngajenan ka umat-Na.

¹⁰ Dawuhan PANGERAN ka Yerusalem, "Kuta maneh engke diadegkeun deui, ku bangsa asing. Raja-raja bangsa asing ka maneh bakal ngawula. Basa Kami bendu, maneh ku Kami dihukum. Ayeuna Kami rek mere rahmat jeung panghampura.

¹¹ Gapura maneh bakal muka beurang peuting, dipake ku raja-raja sagala bangsa mawaan rajabranana jang maneh.

¹²Bangsa anu henteu ngawula ka maneh, bakal ditumpes beresih.

¹³Camara, kihuru jeung kijamuju, kai-kai anu aralus ti leuweung Libanon, bakal diakut ka dieu, pikeun ngadegkeun deui maneh, Yerusalem! Jeung pikeun kaperluan Bait Kami, sangkan leuwih alus, sangkan ieu kota Kami mulya.

¹⁴Sakur anu bareto ngajepit ka maneh, anak-anakna bakal ka darieu, mamandapan ngahormat ka maneh. Nu bareto ngagogoreng, bakal ngarawu dampal suku maneh, nyarebutna ka maneh Kota PANGERAN, Sion, Kota Allah Israil nu suci.

¹⁵Maneh moal deui ditinggalkeun jeung dipikaijid. Maneh, kota nu tadina suwung jeung tiiseun, ku Kami rek dijieun kota gede jeung endah, jadi kota tempat kasukaan sapapanjangna.

¹⁶Bangsa-bangsa jeung raja-raja bakal milu ngarawatan ka maneh, lir indung ngarawatan anakna. Geus kitu maneh bakal nyaho yen geus dirahayukeun ku Kami, PANGERAN, dimerdikakeun ku Allah Israil anu kawasa.

¹⁷Kami ka maneh rek mawakeun emas, pikeun ngaganti tambaga, mawakeun perak jeung tambaga, pikeun ngaganti beusi jeung kayu. mawakeun beusi pikeun ngaganti batu. Para pangereh moal deui ngagencet, ku Kami rek disina marentah kalawan adil jeung matak tengtrem.

¹⁸Di dieu moal aya deui anu bebentak. Ieu kota moal ruksak deui, moal ancur-ancur deui. Kami nu bakal ngajagana, saibarat kutana. Maneh tangtu muji sukur ka Kami, lantaran geus disalametkeun.

¹⁹Anu nyaangan ka maneh ti beurang lain panonpoe deui. Anu nyaangan ti peuting, lain bulan deui. Kami, PANGERAN, anu nyaangan salalawasna. Cahaya kamulyaan Kami bakal nyaangan ka maneh.

²⁰Maneh bakal kaluar tina mangsa prihatin. Kami, PANGERAN, bakal nyaangan sapapanjangna, leuwih langgeng ti batan panonpoe jeung bulan.

²¹Rahayat maneh bakal balener kalakuanana, jeung bakal ngabogaan ieu tanah saumur-umur. Maranehna teh lir sirung beunang melak Kami, sangkan jaradi, sangkan kamulyaan Kami katembong ku sarerae.

²²Kulawarga anu pangsaeutikna jeung anu panghandapna ge bakal jadi loba jeung kuat lir hiji bangsa. Lamun geus nitih kana wanci nu mustari, hal eta bakal gancang dilaksanakeun ku Kami. Kami teh PANGERAN!"

61 ¹Hate kaula kaeusian ku Roh PANGERAN Nu Maha Agung. Kaula ku Mantenna dipilih, diutus, pikeun nepikeun beja alus ka nu sangsara, nyageurkeun anu hatena remuk, ngabejaan ka nu keur

jadi tawanan, yen maranehna bakal dijait,
ngabejaan ka nu keur dipanjara yen bakal
dibebaskeun.

²Kaula dipiwarang ngembarkeun, yen geus
cunduk waktuna, PANGERAN bakal ngajait
umat-Na, ngelehkeun musuh-musuh-Na,
ngalilipur ka nu prihatin.

³Kaula mawa seja piatoheun ka urang Sion,
pikeun ngaleungitkeun kasungkawaanana,
sina maruji, ulah udah-aduh deui. Maranehna
bakal saibarat tangkal nu dipelak ku
PANGERAN ku manten. Lampahna bakal
balener. Allah bakal diparuji sagala damel-Na.

⁴Kota-kota nu geus lila bukrak-bakrek, ku
maranehna bakal diadegkeun deui.

⁵Eh umat Kami, bangsa asing
bakal kumawula ka maraneh. Bakal
mangangonkeun, manggarapkeun lahan,
mangrawatankeun kebon anggur.

⁶Maraneh bakal disarebut: imam-imam
PANGERAN, abdi-abdi Allah. Bakal marake
kakayaan bangsa-bangsa, anu geus jadi milik
maraneh.

⁷Kaera jeung kahinaan maraneh geus
tamat. Maraneh bakal caricing di nagri
sorangan, sarta kabeungharan maneh bakal
jadi lipet ganda, sapapanjangna bakal aya
dina kabungah.

⁸Dawuhan PANGERAN, "Kami suka kaadilan,
cua kana panggencet jeung kajahatan. Umat

Kami tangtu ku Kami diganjar, jeung dibere perjangjian anu moal barobah.

⁹ Maranehna bakal mashur di antara bangsa-bangsa. Sakur nu nenjo tangtu taregeseun yen maranehna teh umat anu diberkahan ku Kami."

¹⁰ Yerusalem bakal bungah ku sagala damel PANGERAN. Yerusalem bakal didangdanan, lir panganten awewe dina poean kawinanana. Kasalametan jeung kaunggulan minangka dangdanananana.

¹¹ Sakumaha binih tangtu sirungan jeung jadi, nya kitu PANGERAN Nu Maha Agung pasti nyalametkeun umat-Na. Sarta sakabeh bangsa bakal ngamulyakeun ka Mantenna.

62¹ Kaula rek ngomong, ngahatean Yerusalem. Moal waka repeh nepi ka eta kota bisa kajait, sarta kaunggulanana ngagebur lir obor waktu peuting.

² Eh Yerusalem, kajayaan maneh bakal tempong deui ka bangsa-bangsa. Kamulyaan maneh bakal katembong ku raja-raja. Maneh bakal nyandang ngaran anyar, ti PANGERAN ku manten.

³ Maneh pijadieun makuta endah kagungan PANGERAN.

⁴ Moal disarebut deui "Nu tiiseun", tanah maneh moal disarebut deui "Pamajikan nu geus ditoker". Ngaran maneh anu anyar nya eta: "Anu diasih ku Allah". Tanah maneh ngaranna "Nu ditikah". Sabab maneh diasih

ku PANGERAN, nu jadi minangka salaki tanah maneh.

⁵ Lir lanjang ditikah ku budak bujang, maneh bakal ditikah ku Mantenna, anu ngajadikeun maneh. Allah bakal mikaasih ka maneh, kawas panganten lalaki asih ka panganten awewe.

⁶ Eh Yerusalem, dina luhur kuta maneh geus aya anu karemit. Beurang peuting eta teh teu meunang repeh nunuhun ka PANGERAN, sangkan Mantenna emut kana sagala jangji-Na, sangkan ulah lali ka maranehna.

⁷ Kudu terus, tong eureun-eureun nunuhun, nepi ka Mantenna ngadegkeun deui Yerusalem, nepi ka Yerusalem jadi kota pamujian saalam dunya.

⁸ Kalawan enya-enya PANGERAN geus ikrar jangji. Demi kakawasaana-Na, jangji-Na tangtu dilaksanakeun: "Gandum maneh moal dihakan deui ku musuh, anggur maneh moal diinum deui ku bangsa lian.

⁹ Maneh anu melak, nu metik, nu ngadaharna, bari muji sukur ka PANGERAN. Melak anggur, maneh nu ngurus, nu metik buahna, jeung nginum anggurna di buruan Bait Kami."

¹⁰ Eh urang Yerusalem, geura kaluar ti kota! Nyieun jalan keur rahayat nu rek marulang! Jalanna sing rubak, batuna piceunan. Jeung kudu mere tangara, sangkan bangsa-bangsa nyarahoeun,

¹¹ yen PANGERAN ngembarkeun ka sakuliah jagat: "Embarkeun! Eh Yerusalem, maneh tereh salamet. PANGERAN geus sumping nyandak umat-Na, anu ku Mantenna geus disalametkeun."

¹² Maneh bakal disebut "Umat Allah anu suci". "Umat anu dijait ku PANGERAN". Yerusalem bakal disarebut "Kota kaasih Allah", "Kota nu moal ditilar ku Allah".

63 ¹"Saha ieu nu sumping ti Bosra tanah Edom? Saha ieu, anu anggoanana murub mubyar warna beureum, gagah rosa angkatna gandang?" PANGERAN! Nu geus iasa nyalametkeun. Sumpingna seja ngembarkeun yen Mantenna geus unggul.

²"Ku naon raksukana-Na mani beureum kawas tas ngaluluh buah anggur leueuteun?"

³PANGERAN ngawaler, "Kami tas ngaluluh bangsa-bangsa. Diluluh kawas buah anggur. Diluluh ku Kami sorangan teu dibantuan ku saha-saha. Kami wera, bangsa-bangsa teh dileyek, getihna keuna kana pakean Kami.

⁴Sabab geus waktuna Kami nyalametkeun umat, geus waktuna musuh-musuhna dibasmi.

⁵Kami heran kacida bet euweuh anu ngabantu ka Kami. Tapi ku bawaning wera Kami jadi rosa, sorangan ge bisa unggul.

⁶Nya ku bawaning wera, sakabeh bangsa ku Kami diluluh nepi ka ajur, getihna tamplot kana taneuh."

⁷ Kaula rek nyaritakeun kaasih PANGERAN
anu teu keuna ku robah. Kaula muji sukur ku
sagala damel-Na pikeun urang. Berkah-Na
ka urang Israil taya wiwilanganana, welas
asih-Na langgeng sapapanjangna.

⁸ PANGERAN ngadawuh, "Maranehna teh
umat Kami, moal ingkar ti Kami." Ku karana
eta maranehna ku Mantenna dijait

⁹ tina sagala kasangsaraanana. Anu
nyalametkeun maranehna teh lain malaikat,
tapi PANGERAN ku manten. Mantenna
kersaeun nyalametkeun teh ku karana nyaah
jeung welas ka maranehna. Ti baheula keneh
maranehna teh ku Mantenna diasuh-asuh,

¹⁰ tapi maranehna ngalawan bae,
nganalangsakeun manah-Na. Ku sabab kitu
maranehna teh ku PANGERAN disusuker,
diperangan.

¹¹ Ti dinya maranehna aringeteun ka jaman
baheula, ka jaman Musa abdi PANGERAN tea.
Timbul pertanyaanana, "Ayeuna di mana eta
PANGERAN anu bareto nyalametkeun para
pamingpin umat-Na ti laut teh? Di mana
ayeuna PANGERAN anu bareto maparin
sumanget ka Musa teh?

¹² (63:12-13) Di mana ayeuna PANGERAN
anu bareto ngadamel kaajaiban-kaajaiban
anu dilaksanakeunana ku Musa teh, anu
meulah cai laut, anu nuyun umat-Na nyorang
cai jero, datang ka Mantenna kamashur
salalawasna?" Maranehna ku sabab dituyun

ku PANGERAN, lengkahna tara nyalahana, tara tijalikeuh, lir kuda umbar bae.

¹³ (63: 12)

¹⁴ Maranehna ku PANGERAN dituyun, dibawa ka tempat reureuh, kawas ingon-ingon ditungtun ka lebak anu lendo. PANGERAN nuyun umat-Na, jadi matak mulya kana pajenengana-Na.

¹⁵ Nun PANGERAN anu linggih di sawarga anu suci sareng mulya, tingali ieu abdi-abdi. Ku naon nu mawi teu kersa geten deui ka abdi-abdi, teu kersa mintonkeun deui kakawasaan, henteu kersa mikawelas sareng mikanyaah deui? Nun, mugi ulah ngantep!

¹⁶ Gusti teh rama abdi sadaya. Karuhun abdi-abdi, Ibrahim sareng Yakub, ka abdi-abdi teu tarerangeun. Nanging PANGERAN mah rama abdi-abdi anu salamina nulung nyalametkeun.

¹⁷ Ku naon Gusti ngantep abdi-abdi nyimpang tina jalan Gusti? Ku naon abdi-abdi didamel jadi sakieu wangkelangna dugi ka mungkuran ka Gusti? Mugi kersa nyumpingan deui. Mugi sing emut ka anu ngarabdi, ka umat kagungan Gusti ti kapungkur keneh.

¹⁸ Abdi-abdi, umat suci Gusti, diudag-udag ku musuh. Tempat kasucian Gusti oge diluluh ku musuh.

¹⁹ Abdi-abdi bet didamel sapertos sanes umat erehan Gusti, sapertos sanes umat kagungan Gusti.

64¹ Ku naon Gusti henteu nyingraykeun langit lajeng lungsur? Gunung-gunung sina ngadaregdeg kasieunan naringal Gusti.

² Sina ampul-ampulan sapertos cai ngagolak keur digodog di luhur seuneu. Geura sumping mintonkeun kakawasaan ka musuh-musuh. Bangsa-bangsa teh sina tingsareblak di payuneun Gusti.

³ Sapertos kapungkur, kalayan teu kasangka-sangka Gusti ngayakeun rupi-rupi pikasieuneun, gunung-gunung oge dugi ka inggeung-inggeungan ku Gusti.

⁴ Teu acan aya anu ningal atanapi nguping yen aya deui Allah nu sapertos Gusti, anu iasa midamel kaahengan-kaahengan kitu kangge nulungan jalmi-jalmi anu nyuhunkeun pitulung.

⁵ Gusti ngabageakeun jalmi-jalmi anu daek ngalampahkeun anu leres sareng eling kana jalan pituduh ti Gusti. Gusti sok ngabenduan, nanging kalakuan abdi-abdi teu weleh awon bae. Sanaos ku Gusti sok kacida dibenduanana, ti kapungkur keneh angger bae abdi-abdi nyieun kalepatan.

⁶ Ku margi abdi pinuh ku dosa, kalakuan anu sae oge jadi awon saterasna. Ku karana eta dosa, abdi-abdi jadi sapertos daun, perang teras maruragan katebak ku angin.

⁷ Abdi-abdi teu aya anu emut sareng neneda ka Gusti, teu aya anu nyuhunkeun pitulung

ka Gusti. Ku karana eta dosa-dosa, abdi-abdi ku Gusti disingkiran sareng dikantunkeun.

⁸Nanging nun PANGERAN, Gusti teh rama abdi sadaya. Abdi-abdi teh dadamelan Gusti, sapertos taneuh lempung ku panjunan.

⁹Nun, mugi Gusti ulah bendu kateterasan, ulah teras bae mikaemut kadorakaan abdi sadaya. Abdi-abdi teh umat Gusti, mugi dipikawelas.

¹⁰Tingali kota-kota Gusti anu suci jadi sakitu suwungna. Yerusalem jadi bukrak-bakrek.

¹¹Bait Allah anu suci sareng agreng, anu ku karuhun abdi-abdi dianggo paranti muji sukur ka Gusti parantos seep ku seuneu. Tempat-tempat anu ku abdi-abdi dipikameumeut parantos rareksak.

¹²Naha Gusti tega ningalina? Moal midamel naon-naon? Bade ngajeunkeun ka abdi-abdi anu parantos teu kiat nandangan kabalangsakan?

65¹PANGERAN ngadawuh, "Kami daek ngajawab paneda umat, tapi maranehna tara neneda. Kami daek kapanggih lamun ku maranehna diteangan, tapi maranehna tara nyoba-nyoba acan neangan. Eta bangsa tara neneda ka Kami, padahal Kami salawasna sadia pikeun ngajawab, Ieu Kami, Kami daek nulungan maraneh.

²Kami salawasna sadia pikeun ngahiap ka maranehna anu warangkelang, anu garoreng kalakuanana ngajujur karep sorangan.

³Tabeatna anu teu boga kaera teh nyieun pisewoteun bae, ngalurban ka brahala di tempat-tempat karamat, ngarukus dina altar pikeun brahala.

⁴Ari ti peuting sok arindit ka astana-astana, marenta pituduh ka arwah-arwah jelema nu geus paraeh. Ngaharakan daging babi, kuahna anu disuguhkeun ka brahala teh diaruyupan.

⁵Ka nu sejen sok nitah nytingkir, Nyingkir ka ditu, ulah antel ka kami. Kami mah geus suci! Kami moal sabar ka jelema anu kitu. Amarah Kami tangtu narajang lir seuneu anu moal pareum-pareum.

⁶Maranehna geus diputus baris dihukum. Hukumanana geus dituliskeun. Kalakuanana kitu moal diantep, tangtu dibales,

⁷boh dosa maranehna, boh dosa karuhunna. Maranehna ngarukus di kuil-kuil brahala di luhur pasir sarta ngagogoreng ka Kami. Ku sabab kitu, kalakuanana anu ka tukang-tukang tangtu ku Kami dihukum."

⁸PANGERAN ngadawuh, "Moal aya jelema anu ngaruksak buah anggur anu alus. Buah anggur anu alus tangtu dijieun anggur. Kitu keneh Kami, moal ngabasmi umat anu ngabakti ka Kami, malah rek nyalametkeun maranehna.

⁹Urang Israil ti kaom Yuda ku Kami rek dibere berkah jeung dibere tanah Kami di pagunungan. Eta umat anu dipilih ku Kami, anu ngabarakti ka Kami, sina maratuh di dinya.

¹⁰Maranehna bakal nyembah ka Kami. Dombana, sapina, sina nyaratuan di sampalan-sampalan, di kulon di Saron, di wetan di Lebak Akor.

¹¹Ari maraneh, anu naloker Kami, anu mophohokeun ka Sion gunung Kami anu suci, anu nyembah ka dewa-dewa anu ngaran Gad jeung Meni anu nyekel milik jeung nasib, bakal sabalikna.

¹²Pimiliikeun maraneh mah paeh dina cara anu kacida matak ngerikna, lantaran henteu daraek nemonan panyaur Kami, henteu daek ngadarenge kana dawuhan Kami. Ti batan narurut anggur nyieun kalakuan goreng.

¹³Ku sabab kitu, sakur anu ngabakti jeung nurut ka Kami, moal kurang dahar nginum. Sabalikna maraneh mah bakal kalaparan jeung kahalabhaban. Maranehna bakal bagja, ari maraneh mah bakal nandang era.

¹⁴Maranehna bakal barungah, ari maraneh mah bakal susah.

¹⁵Ngaran maraneh bakal dijieun sasapaan ku umat pilihan Kami. Kami, PANGERAN Nu Maha Agung, rek ngahukum pati ka maraneh. Sabalikna anu nurut ka Kami mah bakal dipaparin ngaran anyar.

¹⁶Sing saha di ieu tanah anu hayang meunang berkah, anu baris dipentana teh tangtu berkah ti Allah anu maha satia. Sing saha anu sumpah, bakal nyebut jenengan Allah nu maha satia. Kasangsaraan anu ka tukang-tukang ku maranehna bakal kapopohokeun."

¹⁷PANGERAN ngadawuh, "Kami rek ngadamel bumi anyar jeung langit anyar. Sagala kajadian anu ka tukang-tukang geus moal kainget-inget.

¹⁸Sing garerah sing barangah ku sagala damel Kami. Yerusalem anu ku Kami geus dijadikeun anyar, bakal pinuh ku perkara anu matak suka pangeusina bakal bagja.

¹⁹Kami pribadi bakal ngarasa sugema ku hal Yerusalem jeung pangeusina. Di dinya moal aya deui anu ceurik atawa udah-aduh jeung menta tulung.

²⁰Moal aya deui anu orokna paeh. Kabeh jelema paranjang umur. Umur saratus taun teh kaitung ngora keneh. Anu maot memeh umur sakitu tandaning meunang hukuman.

²¹(65: 21-22) Anu nyarieun imah bisa dipake ku maranehna keneh, moal dieusian ku jalma lian. Marelak anggur, anggurna bisa kainum sorangan ku nu melakna, moal ku nu sejen. Cara tatangkalan, umat Kami bakal paranjang umurna, bakal bisa metik kanimatan hasil gawena.

²²(65: 21)

²³ Sagala gawena bakal mulus. Anak-anakna moal manggih bahla. Maranehna saturunanana bakal diberkahan ku Kami, turun-tumurun.

²⁴ Upama maranehna neneda, memeh amin ku Kami geus dikabulkeun.

²⁵ Ajag jeung domba bakal reujeung nyaratuan. Singa oge cara sapi bae ngahakan jukut. Kabeh oray moal matak banya. Di Sion gunung Kami anu suci, moal aya picilakaeun, moal aya pikagorengaeun."

66¹ PANGERAN ngadawuh, "Sawarga teh panglinggihan Kami, ari bumi jojodog sampean Kami. Jadi, maraneh rek bisa mangnyieunkeun imah anu kumaha pikeun Kami?

² Jagat raya Kami sorangan anu ngagelarkeunana. Ku sabab kitu, kapanuju Kami mah nya eta ka jelema anu rendah hate, anu tobat, anu ajrih jeung tunduk ka Kami.

³ Tapi jelema-jelema teh lampahna sakarep-karep bae. Pikeun maranehna mah ngurbankeun naon oge sarua bae, naha ngurbankeun sapi jalu atawa ngurbankeun jelema; naha ngurbankeun anak domba atawa minggeskeun beuheung anjing; naha ngurbankeun gandum atawa ngurbankeun getih babi; naha ngurbankeun menyan atawa ngadoa ka arca. Maranehna resep make cara-cara ngabakti anu pikaijideun.

⁴Ku sabab eta, sagala rupa pibahlaeun anu jadi kasieunna teh rek disina narajang, lantaran taya saurang-urang acan anu datang nemonan panyaur Kami atawa nurut kana timbalan Kami. Maranehna leuwih resep ngalawan ka Kami jeung kana kajahatan."

⁵Ari maraneh, anu narurut jeung sieun ku PANGERAN, regepkeun ieu timbalana-Na: "Ku sabab maraneh satia ka Kami, maraneh bakal dipikangewa jeung dipencilkeun ku sawatara dulur sabangsa, jeung diera-era kieu, Lain geura prak atuh PANGERAN teh nembungkeun pangawasa-Na nulungan ka maneh, kami hayang nyaho kumaha piatoheun maneh. Tapi nya maranehna pisan anu engke bakal mareunang era teh!"

⁶Darengekeun, tah aya anu ngaguruh di kota jeung di jero Bait Allah! Eta teh gentra PANGERAN anu keur ngahukum musuh-musuhna!

⁷Kota suci Kami lir ibarat awewe anu ujug-ujug brol ngajuru, henteu ngarasa nyeri heula.

⁸Aya sugaran anu geus nenjo atawa ngadenge kajadian kawas kitu? Na geus aya bangsa anu bisa digelarkeun dina jero sapoe? Sion mah moal lila-lila nyeri, harita ngusial, harita keneh brol ngajurukeun bangsa.

⁹Ulah dikira Kami ngadatangkeun umat Kami kana wancina ngajuru teh moal terus nepi ka burusutna!" Kitu timbalan PANGERAN.

¹⁰Sing barungah, sing garerah ku hal Yerusalem, eh sakur anu mikacinta ieu kota! Sing marilu bungah ka eta kota, eh sakur anu bareto milu nyeungceurikan!

¹¹Maraneh bakal mareunang nimat tina kamuktianana, lir upama orok nyusu ka indungna.

¹²PANGERAN ngadawuh, "Maraneh ku Kami rek dibere kamuktian terus. Kabeungharan bangsa-bangsa bakal ngocor ka maraneh lir walungan anu tara saat. Maraneh pijadieun saibarat orok, ku indungna disusuan, diaais, dipikadeudeuh.

¹³Maraneh di Yerusalem ku Kami bakal dihegar-hegar kawas budak anu dicombo-combo ku indungna.

¹⁴Upama geus nepi ka kitu maranehna ngan bungah nu aya, tanaga bedas jeung jagjag waringkas. Ti dinya bakal nyaraho yen Kami teh PANGERAN, anu nulung ka sakur anu sumujud, ngahukum ka sakur nu ngamusuhan."

¹⁵PANGERAN bakal sumping dina seuneu, nitih jangjang angin, baris ngahukum ka sakur anu geus ngabendukeun manah-Na.

¹⁶Jalma sajagat sakur anu kapanggih salah bakal disabetan ku pedang, tuluy diduruk ku seuneu. Kacida lobana anu bakal paraeh.

¹⁷PANGERAN ngadawuh, "Sakur anu sok susuci tuluy muja ka brahala, anu sok ngaleut ka taman-taman, anu sok ngaharakan babi

jeung beurit jeung kadaharan-kadaharan anu pikageuleuheun, kabeh geus tereh euweuh.

¹⁸Kami uninga kana pipikiranana, uninga kana kalakuanana. Ieu Kami sumping, rek ngumpulkeun jelema sagala bangsa. Lamun geus karumpul, sina narenjoeun kakawasaan Kami,

¹⁹sina nyaraho yen nya Kami anu ngahukum ka maranehna teh. Tapi aya sababaraha urang anu ku Kami rek diluputkeun, pikeun diutus ka bangsa-bangsa di nu jarauh, anu can ngadarenge kamashuran Kami, anu can nyarahoeun kaagungan jeung kakawasaan Kami, nya eta ka: Sepanyol, Libia jeung Lidia, kitu deui ka tukang-tukang panahna anu arahli, ka Tubal jeung ka Yunani. Sina nyaritakeun kaagungan Kami ka eta bangsa-bangsa.

²⁰Maranehna bakal mawa mulang dulur-dulur maraneh sabangsa, kabeh dibaktikeun ka Kami, dibawa ka gunung Kami anu suci di Yerusalem, tarumpak kuda, bigal, onta, kareta, jeung padati, sakumaha kabiasaan urang Israil ari marawa gandum pikurbaneeun ka Bait Allah dina wadah anu beresih.

²¹Ti antarana aya anu ku Kami rek dijarenengkeun imam, jeung diasupkeun ka kaom Lewi.

²²Sakumaha halna bumi anyar jeung langit anyar bakal langgeng ku kakawasaan Kami,

turunan jeung ngaran maraneh oge bakal langgeng.

²³Unggal Pesta Bulan Anyar jeung unggal poe Sabat, jalma-jalma sagala bangsa bakal ngabarakti ka Kami di dieu, di Yerusalem," timbalan PANGERAN.

²⁴"Dina waktu marulangna, maranehna bakal narenjo bangke jelema-jelema anu geus ngaralawan ka Kami. Bilatung anu ngahakanan bangkena moal paeh-paeh, seuneu anu ngadurukna moal pareum-pareum, sina jadi tenjoeun anu pikaketireun ka sakabeh jelema."

Yeremia

1 ¹Ieu kitab nyaritakeun kasauran Yermia, putra hiji imam di kota Anatot di tanah Binyamin anu jenengan Hilkia.

²Dina taun katilu belas jaman raja Yuda anu jenengan Yosia putra Amon, Yermia nampi dawuhan ti PANGERAN.

³Jaman Yoyakim putra Yosia ngarajaan Yuda, Yermia nampi deui dawuhan PANGERAN. Ti harita mah sering nampina dawuhan PANGERAN teh, nepi ka taun kasabelas pamarentahan Raja Sidkia putra Yosia. Ari dina bulan kalima taun eta, urang Yerusalem teh diakut ka pangbuangan.

⁴PANGERAN nimbalan ka kaula,

⁵"Maneh, ti memeh ku Kami dihirupkeun, ku Kami geus kapilih, geus ditangtukeun ti memeh dijurukeun keur pinabieun bangsa-bangsa."

⁶Jawab kaula, "Gusti, PANGERAN, abdi henteu tiasa cacatur jalaran ngora keneh pisan."

⁷Tapi dawuhan PANGERAN ka kaula, "Ulah majar ngora keneh pisan. Datangan jalma-jalma anu ceuk Kami kudu didatangan, sarta omongkeun ka maranehna sakur anu ku Kami dititah diomongkeun.

⁸Tong sieun-sieun, sabab ku Kami tangtu diaping ditangtayungan. Kitu timbalan Kami, PANGERAN!"

⁹Ti dinya PANGERAN ngulurkeun panangan, nyabak biwir sim kuring bari ngadawuh, "Regepkeun, ieu Kami mere ucapan-ucapan anu kudu diomongkeun ku maneh.

¹⁰Poe ieu maneh ku Kami dibere kawasa geusan ngawasaan bangsa-bangsa jeung karajaan-karajaan, kawasa nyabut jeung ngarabut, kawasa numpur jeung ngagempur, kawasa nancebkeun jeung melakkeun."

¹¹PANGERAN mariksa ka kaula, "Yermia, naon nu katenjo?" Piunjuk kaula, "Sumuhun, ningal hiji dahan kanari."

¹²"Enya, bener," dawuhan PANGERAN, "Kami geus tarapti geusan ngalaksanakeun timbalan Kami."

¹³Geus kitu PANGERAN mariksa deui, dawuhana-Na, "Nenjo naon deui?" Piunjuk kaula, "Ningal aya pariuk di palih kaler, eusina keur ngagolak, sareng bade bahe ka palih dieu."

¹⁴Dawuhana-Na ka kaula, "Aya bahla ngagolak ti beulah kaler, baris narajang ka nu araya di ieu tanah,

¹⁵sabab Kami keur nyalukan sakabeh bangsa urang kaler, sina ka darieu. Raja-rajana bakal masangkeun tahtana masing-masing di lawang-lawang Yerusalem jeung di

sakurilingeun kuta-kutana, kitu deui di sakurilingeun kota-kota di Yuda.

¹⁶Umat Kami ku Kami arek dihukum lantaran geus darosa, geus naringgalkeun Kami, geus ngurban ka ilah-ilah sejen jeung ngabarakti ka arca-arca bubuatanana.

¹⁷Geura tarapti, Yermia, datangan eta jelema-jelema teh. Sagala timbalan Kami anu diparentahkeun ka maneh, tepikeun ka maranehanana. Ulah sieun-sieun, bisi maneh ku Kami dihaja sangkan sieun ari geus aya di maranehanana.

¹⁸Regepkeun ieu, Yermia! Poe ieu maneh ku Kami dibere kakuatan, kuat saibarat kota anu dibenteng, saibarat pilar beusi, saibarat kuta tambaga, sanggup nadah panarajang maranehanana. Jalma-jalma ieu tanah, nya eta raja-raja Yuda, kapala-kapala, imam-imam katut rahayat,

¹⁹kabeh bakal ngalawan ka maneh. Tapi ka maneh hamo aya nu kuat, sabab maneh diaping ditangtayungan ku Kami. Kitu timbalan Kami, PANGERAN."

2 ¹PANGERAN miwarang sim kuring ²ngumumkeun timbalana-Na ka sakur nu araya di Yerusalem. Kieu, "Kami inget, maneh teh keur ngora keneh kacida satiana; basa urang mimiti ngajodo, maneh kacida mikacintana ka Kami, daek nunutur ka gurun keusik, ngambah tanah anu tara pisan dipelakan.

³Eh Israil, maneh teh ngan pikeun Kami, milik anu ku Kami dipupusti. Saha bae anu nganiaya ka maneh, ku Kami didatangan kasangsaraan jeung balai. Kitu timbalan Kami, PANGERAN."

⁴Regepkeun ieu timbalan PANGERAN, eh anak putu Yakub, eh kaom Israil!

⁵Kieu timbalan PANGERAN, "Naon salah Kami nepi ka didakwa ku karuhun maneh? Naon lantaranana maranehna naringgalkeun Kami? Maranehna ngabarakti ka arca-arca nu taya hartina, nepi ka dirina sorangan leungit pangaji.

⁶Ka Kami geus tara malire deui, sakitu geus dijait ti tanah Mesir, ditungtun-tungtun ngasruk tanah gurun, nyorang gurun keusik jeung lombang-lombangna anu jarero, tanah garing sarta pinuh ku bahaya, taya nanaon nu hirup, taya anu nyorang-nyorang acan.

⁷Kami mawa maranehna ka hiji tanah anu subur, sina sareubeuh ku hasilna, jeung ku sagala nu harade di dinya. Tapi maranehna kalah ka ngaruksak eta tanah Kami, eta nagri pamere Kami teh ku maranehna dinajiskeun.

⁸Imam-imamna tara naranyakeun: Di mana PANGERAN? Imam-imam Kami geus teu warawuheun ka Kami. Pangereh-pangerehna ngaralawan ka Kami, nabi-nabina ngawejangna teh demi ngaran Baal, jeung ngabaraktina ka arca-arca anu taya gunana."

⁹"Ku sabab kitu Kami, PANGERAN, arek ngadakwa deui ka umat Kami. Arek nagih ka anak incuna.

¹⁰Los dongdon ka kulon, ka pulo Siprus, bral kirim utusan ka wetan, ka tanah Kedar, engke maneh nyaho, yen hal anu saperti kieu mah ti baheula ge tacan aya.

¹¹Tacan aya bangsa sejen anu kungsi ngaganti allahna, najan allahna lain Allah enyaan. Tapi umat Kami mah geus ngaganti Kami, Allah anu mere kahormatan ka maranehna, ku allah-allah nu teu bisa nanaon.

¹²Ku sabab kitu, Kami rek nimbalan ka langit, sina inggeung pikasieuneun, sing matak pikahelokeun, sing matak hookeun,

¹³Iantaran umat Kami geus nyieun dua rupa dosa: maranehna geus miceun Kami, nu jadi sumber cinyusu hirup, jeung tuluy nyieun balong-balong, balong-balong anu balocor, anu sama sakali teu bisa nahan cai."

¹⁴"Israil teh lain badega, dijurukeunana teh lain pikeun ngabadega. Tapi ku naon nepi ka jadi mangsa musuh-musuhna?

¹⁵Musuh-musuhna ka manehna tinggalaur kawas singa. Tanahna ku musuh dijieun gurun keusik, kota-kotana burak-barik, kalantar jeung suwung.

¹⁶Malah sirahna rengat, digetok ku jalma-jalma ti Mempis jeung Tahpanes.

¹⁷ Eh Israil, eta teh bongan maneh sorangan!
Maneh geus ninggalkeun Kami, PANGERAN
Allah maneh, sabot ditungtun ku Kami di
perjalanan.

¹⁸ Rek ngarah naon maneh rek indit ka Mesir
teh? Arek nginum cai Walungan Nil? Rek
ngarah naon maneh rek indit ka Asur teh?
Arek nginum cai Walungan Eprat?

¹⁹ Maneh bakal kahukum ku kajahatan
sorangan, bakal kasiksa lantaran ingkar ti
Kami. Engke ku maneh karasa, kumaha
paitna jeung salahna ninggalkeun Kami, Allah
PANGERAN maneh, sarta teu satia deui ka
Kami. Kitu timbalan Kami Nu Maha Agung,
PANGERAN Nu Maha Kawasa."

²⁰ PANGERAN Nu Maha Agung nimbalan,
"Eh Israil, geus ti baheula maneh teh nolak
kakawasaan Kami, embung anut ngabakti
ka Kami. Di saban pasir anu luhur jeung di
handapeun kai-kai anu daunna gomplok,
maneh nyembah ka dewa-dewa kasuburan.

²¹ Maneh teh ibarat tangkal anggur petingan,
beunang Kami melak, beunang milih tina babit
panghadena. Tapi kumaha buktina? Teu beda
ti tangkal anggur anu buruk, teu kaarah.

²² Najan maneh mandi make sabun
pangalusna, daki kasalahan maneh katenjo
keneh ku Kami.

²³ Kumaha rek majar teu ngarurujit
diri, majar teu nyembah ka Baal? Tenjo,
kumaha dosana maneh basa di lebak,

kumaha kalakuan maneh harita. Teu beda ti onta bikang giras keur beger, lulumpatan kukuringan teu dikadalian,

²⁴ngaberengbeng muru ka gurun keusik. Ana eta geus ngarasa pangseng, saha anu bisa nyandet? Jalu anu hayangeun teu kudu hese-hese, da bikangna saban usum lakian ge merean sorangan.

²⁵Eh Israil, suku ulah dipake ngapruk, bisi tikoro maneh garing lantaran ngudag-ngudag ilah-ilah sejen. Tapi carek maneh, Moal, moal balik deui, kuring cinta ka ilah-ilah batur, arek terus nuturkeun itu."

²⁶PANGERAN nimbalan, "Sakumaha bangsat diera-era ana katewak, maneh oge urang Israil, raja-raja, para pajabat, para imam, para nabi, bakal aya anu ngera-ngera.

²⁷Maraneh kabeh, anu miindung ka batu mibapa ka tangkal, bakal diera-era. Tangtu baris kitu, lantaran maraneh ti batan baralik ka Kami anggur ingkar. Rajeun sasambat menta tulung ka Kami ari eukeur kabalangsak.

²⁸Cik mana eta allah-allah beunang nyieun maraneh teh? Sina nulungan ari maraneh keur kasusahan teh, ari enya mah barisaeun! Eh Yuda, allah-allah maneh sarua lobana jeung kota maneh.

²⁹Naon kateusuka maneh ka Kami? Naon sababna ngalawan ka Kami?

³⁰Ku Kami maneh dihukum, tapi hukuman ge nambag, maneh embung dibebener. Saibarat singa ngamuk, maneh geus maehan nabi-nabi sorangan.

³¹Eh urang Israil, darengekeun ieu timbalan Kami. Na Kami teh pikeun maraneh geus kawas gurun keusik, kawas tanah anu poek jeung bahaya? Ku naon nepi ka nyebutkeun mending ge sakarep-karep, moal marulang deui ka Kami?

³²Naha sok aya mojang nu poho kana perhiasanana, atawa panganten awewe anu poho kana baju pangantenna? Tapi umat Kami mah geus pohara lilana mopohokeun ka Kami, poena geus teu kaitung.

³³Maraneh memang geus palinter neangan kabogoh, nepi ka bisa dipiguru ku awewe bangor nu pangbangorna.

³⁴Papakean maneh ceda ku getih, lain getih bangsat tukang ngabongkar, tapi getih jelema-jelema anu mariskin tur taya salahna. Sangkilang kitu,

³⁵ceuk maneh, Kuring teu salah, PANGERAN ge tangtu geus leler benduna ka kuring. Tapi Kami, PANGERAN, moal teu ngahukum ka maneh, lantaran maneh mungkir majar teu boga dosa.

³⁶Maneh geus ngamumurah diri sorangan anut ka allah-allahna bangsa sejen. Maneh bakal dikuciwakeun ku Mesir, sakumaha geus dikuciwakeun ku Asur.

³⁷ Maneh bakal malik ti Mesir bari tungkul ngaheluk. Sakur anu ku maneh dijieu panyaluuhan, geus dipiceun ku Kami, PANGERAN. Maneh hamo beubeunangan naon-naon ti maranehna."

3 ¹PANGERAN nimbalan, "Pamajikan anu geus diserahkeun, geus undur tur geus jadi pamajikan batur, ku urut salakina teu meunang diruju, sabab matak mawa noda kana tanah. Ari heug maneh, Israil, geus ngalayanan lalaki sakitu lobana make hayang balik deui ka Kami?

²Tuh teuteup puncak-puncak pasir, na aya anu ku maneh teu dipake tempat ngalacurkeun diri? Maneh sok ngadon ngadago kabogoh di sisi jalan, kawas urang Arab ngadodoho korbanna di gurun keusik. Ku sabab maneh lacur sarta jahat, ieu tanah keuna ku noda.

³Eta anu jadi sabab pang hujan teu turun-turun, pingijiheun teu datang-datang. Bener maneh teh badis awewe bangor, teu boga pisan kaera.

⁴Kari-kari ayeuna carek maneh ka Kami, Anjeun teh Rama kuring, anu nyaah ka kuring ti leuleutik.

⁵Tangtos moal teterasan bendu, moal salawasna mikacua. Kitu carek maneh, tapi ari kalakuan tetep henteu weleh jahat."

⁶Jaman Yosia jadi raja, PANGERAN nimbalan ka kaula, "Katenjo ku maneh kalakuan Israil,

awewe serong tea? Eta teh geus ninggalkeun Kami, seug di saban pasir luhur jeung di unggal handapeun tangkal anu gomplok nyieun peta sakumaha awewe bangor.

⁷ Tadina ceuk pamikir Kami, sugar ari geus migawe kitu mah daekeun balik deui ka Kami. Horeng henteu. Petana kitu katenjoeun ku dulurna nu awewe, Yuda nu teu satia.

⁸ Katenjoeun deuih yen Israil ku Kami dipirak, terus diusir, lantaran henteu balik deui ka Kami tur jadi awewe bangor. Tapi eta dulurna Israil, Yuda nu teu satia, henteu sieuneun. Manehna oge jadi awewe dayang,

⁹ jeung teu boga kaera. Tanah teh ku manehna dinodaan, sarta manehna oge jinah, nyembah ka batu ka kayu.

¹⁰ Ari geus kitu, Yuda nu teu satia dulurna Israil teh balik deui ka Kami, tapi ngan pura-pura, lain balik saenyana. Kitu timbalan PANGERAN."

¹¹ Geus kitu PANGERAN nimbalan ka kaula yen, Israil mah sanajan geus nukangan ka Mantenna ge tetela leuwih hade ti batan Yuda nu teu satia.

¹² Kaula ditimbalan nepungan Israil, kudu nepikeun timbalan kieu, "Eh Israil nu teu satia, geura balik deui ka Kami. Kami teh gede hampura, moal salilana ambek ka maneh.

¹³ Asal maneh daek ngaku kasalahan, daek ngaku yen geus ngalawan ka PANGERAN, Allah maneh. Aku yen di unggal handapeun

tangkal anu gomplok maneh geus mikeun awak ka allah-allah sejen, geus teu ngagugu kana parentah-parentah Kami. Kitu timbalan Kami, PANGERAN.

¹⁴Eh umat nu teu satia, geura marulang. Maraneh teh umat Kami. Maraneh ku Kami arek dicokotan, saurang ti saban kota, dua urang ti saban kaom, rek dibawa deui ka Gunung Sion.

¹⁵Rek dibere pangereh-pangereh anu saregep ka Kami, anu bakal ngatur maraneh kalawan lantip bijaksana.

¹⁶Ari geus kitu, di mana maraneh geus jembar baranahan di eta tanah, moal aya nu nyabit-nyabit deui Peti Perjangjian Kami. Hamo aya anu mikiran eta, moal aya anu ingeteun-ingeteun acan. Moal aya nu neangan atawa hayang nyieun deui.

¹⁷Dina mangsa eta, Yerusalem teh bakal disarebut Panglinggihan PANGERAN, sarta kabeh bangsa bakal karumpul di dinya seja ngabarakti ka Kami. Moal deui ngalampahkeun pangajak tabeatna anu bedegong jeung pangajak hatena anu jahat.

¹⁸Israil jeung Yuda bakal babarengan daratang ti pangbuangan di nagri kaler, marulang ka tanah anu ku Kami geus dipasrahkeun ka karuhun maraneh, dijadikeun tanah milikna."

¹⁹PANGERAN nimbalan, "Eh Israil, hayang Kami teh nampa maneh jadi anak, hayang

mere tanah anu pikasenangeun, tanah anu pangendahna di saalam dunya. Hayang Kami teh disebut Ama ku maraneh, ulah deui-deui maraneh ingkar ti Kami.

²⁰Tapi maneh geus teu satia ka Kami, kawas pamajikan anu serong lampah. Kitu timbalan Kami, PANGERAN."

²¹Aya sora ear ti puncak-puncak pasir, sora urang Israil careurik aluk-alukan, dumeh geus sarerong lampah, jeung geus parohoeun ka PANGERAN Allahna.

²²Geura marulang eh sakur anu geus ingkah ti PANGERAN! Maraneh tangtu dicageurkeun ku Mantenna, jeung dijieun satia. Carek maraneh, "Hayu urang buru-buru ngadeuheusan ka PANGERAN, sabab Mantenna Allah urang.

²³Ibadah urang nyembah ka brahala di puncak-puncak pasir teh sama sakali teu matak jadi pitulung. Datangna pitulung pikeun Israil mah ngan ti PANGERAN, Allah urang.

²⁴Ibadah ka Baal mah, dewa nu ngerakeun tea, balukarna karoroncodan, ucul domba ucul sapi, ucul anak awewe lalaki, ucul sagala rupa beunang itikurih karuhun urang jaman baheula.

²⁵Geus layakna urang teh nandangan kaera, diliputan kahinaan. Boh urang boh karuhun, salawasna ngan dosa bae ka PANGERAN, Allah

urang, tara nurut kana parentah-parentah Mantenna."

4 ¹PANGERAN nimbalan, "Eh urang Israil, upama enya harayang mulang, hiap geura marulang ka Kami. Upama maraneh miceun arca-arca kaijid Kami sarta satia ka Kami,

²maraneh diidinan sumpah demi jenengan Kami. Lamun geus kitu, kabeh bangsa-bangsa bakal marenta berkah ka Kami sarta baris muji ka Kami."

³PANGERAN nimbalan ka urang Yuda jeung ka urang Yerusalem, "Lahan-lahan maraneh anu dianggurkeun ayeuna geura wuluku; ulah melak bibit di antara cucuk-cucuk.

⁴Kudu satia kana jangji maraneh jeung Kami, PANGERAN maraneh, pasrahkeun diri ka Kami, eh urang Yuda jeung urang Yerusalem! Lamun teu kitu, amarah Kami baris hurung lir seuneu ku tina dosa-dosa nu dilampahkeun ku maraneh. Tangtu amarah Kami ngagedur tur moal aya nu bisa mareuman."

⁵Tiup tarompet di sakuliah tanah! Celukkeun sing tarik, sing tetela! Bejaan urang Yuda jeung urang Yerusalem kudu maruru ka kota-kota nu aya bentengna.

⁶Tuduhkeun jalan ka Sion! Geura kalabur sangkan salamet! Tong kaleked. PANGERAN ngadatangkeun picilakaeun ti kaler, nu bakal ngagempur ngaburak-barik.

⁷ Tukang numpes bangsa-bangsa geus indit, lir singa kaluar tina panyumputanana, geus tereh datang rek ngagempur Yuda. Kota-kota Yuda bakal burak-barik, hamo bisa deui dicicingan.

⁸ Geura dibaraju karung, geura careurik tingjarerit, sabab bendu PANGERAN anu ngagegedur acan sirna ti Yuda.

⁹ Dawuhan PANGERAN, "Poe eta raja-raja jeung para pajabat bakal leungit wawanenna, imam-imam tingrarenjag, nabi-nabi bararengong."

¹⁰ Ti dinya kaula miunjuk, "Nun PANGERAN Nu Maha Agung, atuh urang Yerusalem teh ku Gusti dibobodo! Ongkoh saur Gusti bakal aman, nanging beuheung maranehna diancam ku pedang."

¹¹ Mansana tereh datang, urang Yerusalem bakal dibarejaan yen bakal katarajang ku angin panas ti gurun keusik. Lain angin anu ngahiliwir anu ngan matak hiber huut,

¹² tapi angin anu tarik liwat saking, anu narajangna kalawan timbalan PANGERAN! Nya PANGERAN ku manten anu ngaragragkeun eta hukuman ka umat-Na.

¹³ Tuh, musuh teh geus datang kawas mega mendung. Kreta-kreta perangna jeg angin puyuh, kudana leuwih gancang alah batan heulang. Cilaka urang teh! Pasti urang binasa.

¹⁴ Eh Yerusalem, beresihan hate maneh, piceun dosana, sangkan bisa salamet. Naha

moal eureun-eureun boga pikiran anu jahat teh?

¹⁵ Utusan-utusan ti kota Dan jeung ti pagunungan Epraim marawa beja goreng.

¹⁶ Daratangna ngingetan ka bangsa-bangsa jeung mere nyaho ka Yerusalem yen keur kadatangan musuh ti nagri jauh. Eta musuh bakal tinggorowok ka kota-kota di Yuda,

¹⁷ jeung bakal ngalingkung kota Yerusalem kawas jalma-jalma keur ngajaraga pahumaan, lantaran urang Yuda geus ngalawan ka PANGERAN. Kitu timbalan PANGERAN.

¹⁸ Eh Yuda, maneh katarajang kitu teh ku sabab salah sorangan, tina kalakuan jeung pagawean maneh keneh. Eta kasangsaraan teh nya ku sabab dosa maneh; ayeuna eta dosa teh nubles kana angen maneh.

¹⁹ Tobat nyerina! Teu kuat nangankeunana! Ieu angen ratug tutunggulan! Hate henteu daek tengtrem ngadenge sora tarompet jeung gorowok-gorowok perang.

²⁰ Balai daratang pasusul-susul, kota sakuliahna geus burak-barik. Kemah-kemah urang diruksak ngadadak, tenda-tendana dijejewet.

²¹ Nepi ka iraha kuring kudu nyaksian kamurkaan perang jeung ngadenge sengekna sora tarompet?

²² Timbalan PANGERAN, "Umat Kami barodo, teu nyarahoeun ka Kami. Kawas barudak

boloho, euweuh pangartina. Maranehna arahli nyieun kajahatan, gagal nyieun kahadean."

²³ Kaula neuteup bumi, geuning suwung jeung keri, neuteup langit, teu aya pisan cahaya.

²⁴ Neuteup ka gunung-gunung, keur aringgeung, kitu deui pasir-pasir aroyag.

²⁵ Taya pisan jelema, manuk ge geus haliber nyaringkah.

²⁶ Eta tanah subur geus jadi tanah keusik, kota-kotana geus burak-barik, ku sabab PANGERAN kacida benduna.

²⁷ (PANGERAN memang geus ngandika, yen bumi sakuliahna bakal dijadikeun tanah gurun, tapi saur-Na moal dibasmi sama sakali.)

²⁸ Ieu bumi bakal prihatin, langit bakal jadi poek. Kitu timbalan PANGERAN, tur Mantenna hamo ngarobah kersa-Na. Mantenna geus ngadamel putusan, nu moal dirobah deui.

²⁹ Jalma-jalma bakal kalabur, ngadenge gumuruhna pasukan kuda jeung pasukan gondewa. Sawareh bakal kalabur ka leuweung, sawareh deui bakal naraek ka gunung-gunung batu. Kota-kota kabeh bakal suwung, moal aya nu nyicingan deui.

³⁰ Duh Yerusalem, anjeun teh cilaka! Jang naon dangdan make baju beureum, jang naon make perhiasan, jang naon panon make disipat sagala? Ngageulis ge taya gawena,

da ku kabogoh-kabogoh enggeus dipiceun,
malah arek dipaehan.

³¹ Kaula ngadenge aya nu humarurung,
sora awewe keur nandangan kanyeri, kawas
jeritna awewe nu ngajurukeun anak nu
cikal. Geuning jerit Yerusalem, anu keur
tibeberegeg narik napas. Pokna teh bari
leungeunna ngopepang, "Aduh cilaka! Itu aya
nu daratang rek maehan kuring!"

5¹ Eh urang Yerusalem, jig papay ka
jalan-jalan! Ilik-ilik sakuriling! Saksian
sorangan! Teang, kotek tak di pasar-pasar!
Bisa maneh manggihkeun saurang bae jalma
nu bener lampahna, anu daek ihtar seja satia
ka Allah? Bagja lamun bisa, Yerusalem tangtu
ku Kami dihampura.

²Najan maneh majar ngabakti ka
PANGERAN, omongan maneh saenyana lain
kitu maksudna.

³Anu dipundut ku PANGERAN tangtu
kasatiaan. Maneh ku Mantenna digebug, tapi
maneh tetep bandel; ku Mantenna dikekesek,
tetep embung narima pangwarah. Maneh
wangkelang, embung ninggalkeun dosa.

⁴Ceuk pikiran kaula, "Nu karitu teh tangtu
nu mariskin jeung barodo. Nu matak
kalakuanana sabodoan teh lantaran teu
nyarahoeun, naon anu dipundut ku Allahna,
teu nyarahoeun, naon pangersa PANGERAN
ka maranehna.

⁵Ku sabab kitu, aing rek ka para gegeden, rek nyarita ka maranehna. Piraku nu karitu mah teu nyarahoeun kana pangersa Allahna, kana pangersa PANGERAN." Sihoreng maranehna ge arembungeun diparentah ku PANGERAN arembungeun nurut ka Mantenna.

⁶Ku sabab eta maranehna bakal paraeh ku singa ti leuweung, direweg ku ajag ti gurun keusik, sarta maung tutul bakal tinggalaur di kota-kota maranehna. Ana maranehna kalaluar tangtu disasaak, sabab dosana geus numpuk, nukangna ti Allah geus pirang-pirang kali.

⁷Nu matak saur PANGERAN, "Naon dasarna eta umat ku Kami kudu dihampura? Maranehna geus naringgalkeun Kami, heug susumpahan demi brahala. Ku Kami geus diparaban nepi ka sareubeuheun, ari geus sareubeuheun bet tuluy jarinah, waktuna dipake pelesir ka awewe palacuran.

⁸Kalakuanana lir kuda jalu anu beuteungna geus seubeuh, jaraham-jerehem hayang jalangan, pinuh birahi ka pamajikan batur.

⁹Naha kalakuan kitu teh ku Kami moal dihukum? Naha bangsa nu kitu teh ku Kami moal dibales?

¹⁰Kami arek ngirim musuh, sina nuaran tangkal anggur umat Kami, tapi ulah sina diruksak sama sakali, sina ditilasan dahan-dahanna bae, da dahan-dahanna mah lain boga Kami.

¹¹ Urang Israil jeung urang Yuda geus pohara ngahianatna ka Kami. Kitu timbalan Kami, PANGERAN."

¹² Eta umat PANGERAN teh geus mungkir ti Mantenna, sarta aromongna, "Saenyanan Anjeunna moal nanaon. Urang moal katarajang musibat, moal katarajang perang, moal nyorang kalaparan."

¹³ Jeung carek maranehanana, nabi-nabi teh lain nanaon salian ti tukang ngomong, lain ngemban pangandika PANGERAN.

¹⁴ Ku sabab eta kieu timbalan PANGERAN, Allah Nu Maha Kawasa, ka sim kuring, "Yermia, ku sabab eta umat kitu ngaromongna, ucapan-ucapan Kami tina biwir maneh ku Kami rek dijieun ibarat seuneu; ari maranehanana ibarat nu jadi suluhna, sina kaduruk ku eta seuneu nepi ka beak."

¹⁵ Eh urang Israil, PANGERAN rek ngadatangkeun hiji bangsa ti nu jauh, sina narajang ka aranjeun. Eta teh bangsa kahot tur baredas, basana ku aranjeun moal kaharti.

¹⁶ Tukang-tukang panahna kabeh serdadu anu garagah, ana maehan taya rasrasan.

¹⁷ Paneneun jeung dahareun aranjeun ku eta bakal dibeakeun; anak aranjeun awewe lalaki bakal diparaahan. Domba jeung sapi aranjeun bakal dipareuncitan, pelak anggur jeung pelak kondang bakal ludes. Kota-kota anu

dibenteng, anu ku aranjeun dijieun andelan, ku eta balad bakal tumpur.

¹⁸Timbalan PANGERAN, "Tapi eta umat Kami teh harita mah moal dibeakkeun kabeh.

¹⁹Upama maranehna naranyakeun naon sababna Kami midamel kitu, bejakeun ku maneh, Yermia, bejakeun yen sakumaha maranehna geus murtad ti Kami tuluy ngarabdi ka allah-allah bangsa sejen di tanahna sorangan, nu matak maranehna oge baris ngawula ka bangsa lian di tanah anu lain milikna."

²⁰PANGERAN nimbalan, "Bejakeun ka anak incu Yakub, bejakeun ka urang Yuda, kieu:

²¹Raregepkeun, eh nu garejul, nu baroga mata teu nenjo, baroga ceuli teu ngadenge!

²²Kami teh PANGERAN, naha maraneh teu sareun? Naha teu ngadaregdeg di payuneun Kami? Kami geus masangkeun keusik di basisir jadi wates laut, wates anu ku laut henteu bisa diliwatan. Sanajan laut teh nyuruwuk, teu bisaeun ngaliwatan eta wates; sanajan ombakna ngagulugur, tapi hamo bisa limpas.

²³Tapi maraneh barandel, warangkelang, nyalingkir ninggalkeun Kami.

²⁴Tara pisan baroga niat ngahormat ka Kami, sakitu ku Kami dibere hujan unggal musim muguran jeung musim semi, sarta saban taun dibere musim panen.

²⁵Tapi sabalikna dosa-dosa maraneh ngalantarankeun eta sagala anu harade teh kahalangan ti maraneh.

²⁶Umat Kami kacicingan ku jalma-jalma jahat, anu gawena ngintip cara nu rek newak manuk ku jaringna, tapi anu ditaheunan ku maranehna teh jelema.

²⁷Kawas tukang moro manuk ngeusian kurungna pinuh ku manuk, maranehna minuhan imahna ku barang beunang rarampas. Puguh bae jadi baleunghar jeung karawasa,

²⁸awakna lalintuh, nyaratuna cukup. Kajahatanana taya watesna. Hak barudak yatim pahatu ku maranehna tara dibikeun, nu digencet tara dibere kaadilan.

²⁹Tapi Kami, PANGERAN, moal teu ngahukum kalakuan maranehna; ieu bangsa ku Kami tangtu dibales.

³⁰Di ieu tanah geus aya kajadian anu matak ngabirigidig jeung ngagebeg:

³¹nabi-nabi gawena taya deui salian ti ngabohong; imam-imam diaturna nurutkeun parentah eta nabi-nabi, sarta hal sarupa kitu teh ku umat Kami bet ditarima. Tapi cik maranehna rek kumaha upama hal eta geus nepi ka ahirna?"

6¹Eh urang Binyamin, geura kalabur sangkan salamet! Geura ngarejat ti Yerusalem! Sadakeun tarompet di Tekoa,

jieun seuneu cicireñ di Bet Kerem. Aya bahla jeung picilakaeun ngancam ti kaler.

²Kota Sion sakitu endahna, tapi bakal tumpur;

³raja-raja jeung balad-baladna bakal marasang kemah di dinya. Bakal marasang tenda di sakuriling eta kota, masangna di mana bae sakarepna masing-masing.

⁴Ceuk maranehna engke kieu, "Geura tarapti, urang serbu Yerusalem! Hayoh sing sadia! Tengah poe urang mimiti narajang!" Tapi aromongna deui, "Ayeuna mah geus elat, geus tereh burit, kalangkang geus manjangan.

⁵Urang tarajang engke peuting bae, urang gempur benteng-bentengna."

⁶Eta raja-raja ku PANGERAN Nu Maha Kawasa geus ditimbalan naluaran kai jeung nyarieun gugunungan geusan ngepung Yerusalem. Dawuhana-Na, "Ieu kota arek dihukum, sabab pinuh ku tukang neungteuinganan.

⁷Kawas sumur anu caina seger bae, Yerusalem oge kajahatanana seger bae. Di eta kota, nu disiksa jeung dikaniaya, nu disangsara jeung dinyenyeri, kabeh ku Kami kadangu jeung katingali.

⁸Eh urang Yerusalem, anggap ieu kasangsaraan teh panggeuing; mun teu kitu engke maraneh ku Kami ditinggalkeun. Kota

maraneh rek disina suwung, moal aya deui
anu nyicingan."

⁹PANGERAN Nu Maha Kawasa nimbalan
ka kaula, "Israil baris beak beresih, kawas
tangkal anggur anu buahna enggeus dipupu
nepi ka beak. Ku sabab eta meungpeung aya
keneh tempo, ingetan ku maneh sabisa-bisa
sangkan salamet."

¹⁰Piunjuk sim kuring, "Saha anu bade
nguping upami abdi nyanggem sareng
ngelingan maranehna? Sakitu barasangkalna,
arembungeun nurut kana timbalan Gusti.
Timbalan Gusti anu didongkapkeun ku abdi
anggur pada nyaleungseurikeun.

¹¹Bendu Gusti ka maranehna, ka abdi
ge jadi siksaan, abdi parantos teu kiat
nandanganana." Lahiran PANGERAN ka sim
kuring, "Budalkeun amarah Kami ka barudak
di jalan-jalan jeung ka barudak ngora di
enggonna karumpul. Salaki, pamajikan, bakal
ditarangkepan, malah anu geus karolot pisan
ge moal dikarikeun.

¹²Imah-imahna ku Kami rek diserenkeun
ka batur, kitu deui lahan-lahan jeung
pamajikan-pamajikanana. Jalma-jalma ieu
tanah ku Kami baris dihukum.

¹³Kabeh jalma, nu gede, nu leutik,
pabisa-bisa nyiar kauntungan nu teu halal;
malah nabi-nabi jeung imam-imam ge nipuan
rahayat.

¹⁴ Raheut-raheut umat Kami dianggapna ngan ukur bared, Teu naon-naon, aman, carekna, padahal sama sakali teu aman.

¹⁵ Areraeun henteu dumeh eta kalakuanana teh kacida nistana? Teu, teu areraeun; teu nyahoeun-nyahoeun acan beureum beungeut teh kumaha. Ku sabab kitu lamun ku Kami enggeus diragragan hukuman, tangtu bakal tigejret sakumaha nu sejen-sejen, nya harita poe panungtungan maranehna teh. Kitu timbalan Kami, PANGERAN."

¹⁶ PANGERAN geus ngandika ka umat-Na, "Geura narangtung di unggal parapatan, jeung awaskeun. Tanyakeun jalan-jalan heubeul, jeung mana jalan anu panghadena, tuluy sorang sangkan hirup bari tengtrem." Tapi ceuk maranehna, "Embung, moal!"

¹⁷ Geus kitu PANGERAN ngangkat tukang-tukang kemit. Maranehna dipiwarang ngadengekeun sora isarat tarompet. Tapi ceuk maranehna, "Embung ngadengekeun!"

¹⁸ Ku sabab kitu, kieu timbalan PANGERAN, "Dengekeun eh bangsa-bangsa, kanyahokeun nu baris tumiba ka umat Kami.

¹⁹ Eh bumi, dengekeun! Ieu umat ku sabab pakarepanana karitu, ku Kami arek dihukum, arek ditumpurkeun, lantaran nolak pangajaran Kami, teu nurut kana dawuhan-dawuhan Kami.

²⁰ Keur naon Kami narima pangbaktina, dupa bawana ti tanah Syeba, atawa seuseungitan

bawana ti nagri jauh? Kami teu hayang narima pangbaktina, teu hayang kana kurban-kurbanna.

²¹ Jadi eta umat teh ku Kami rek disina titarajong nepi ka tibareubeut. Bapa, anak, babaturanana jeung tatangga-tatanggana bakal pararaeh."

²² Timbalan PANGERAN, "Aya anu daratang ti hiji nagri di kaler, hiji bangsa perkasa ti nu jauh pisan, geus tarapti rek perang.

²³ Marawa jamparing jeung pedang. Jelema-jelemana barengis jeung taya ampunna. Ana geus clak kana kuda, sora pasukan kudana ngaguruh sada laut ngagulugur. Geus tarapti rek merangan Yerusalem."

²⁴ Ceuk urang Yerusalem, "Geus aya bejana ka urang, ieu leungeun mani ngeplek, hate dicangkerem ku kasieun jeung kanyeri, kawas awewe rek ngajuru.

²⁵ Tong boro ka luar kota, ngulampreng ka jalan ge teu wani, nenjo musuh samagreng ku pakarang, sakuriling bungking pikasieuneun."

²⁶ PANGERAN ngandika ka umat-Na, "Geura marake pakean karung tuluy gugulingan dina taneuh ngebul, pek geura sasambat aluk-alukan kawas nu ditinggalkeun paeh ku anak tunggal, sabab maraneh bakal ditarajang ngadadak ku nu baris ngabinasa.

²⁷ Eh Yermia, uji eta umat Kami ku maneh kawas nguji logam, pariksa tabeatna kumaha.

²⁸Kabeh ge wangkelang, tukang barontak, tabeatna teuas kawas parunggu jeung beusi. Kalakuanana goreng, resep ngider ngupat batur.

²⁹Dina pangleburan anu kacida marakbakna ge eta logam-logam piceuneun teh teu daek ajur, teu bisa leungit. Eta umat Kami cumah dianyarkeun deui oge, moal bisa, lantaran nu jarahatna henteu disingkirkeun.

³⁰Maranehna bakal disarebut bubututan anu geus taya pangajina sabab enggeus dipiceun ku Kami, PANGERAN."

7 ¹(7:1-3) PANGERAN miwarang kaula ka gapura Bait Allah, paranti urang Yuda arasup ngabakti. Kaula dititah nangtung di dinya ngumumkeun pangandika Mantenna, PANGERAN Nu Maha Kawasa, Allah Israil. Kieu anu kudu diucapkeun ka maranehna, "Robah kalakuan jeung kabiasaan hirup maraneh, sangkan ku Kami diidinan caricing di dieu.

²(7:1)

³(7:1)

⁴Ulah palercaya deui ka nu sok ngomong kieu: Di dieu urang aman! Ieu teh Bait PANGERAN, ieu teh Bait PANGERAN, ieu teh Bait PANGERAN!

⁵Robah jalan hirup jeung eureunan kalakuan nu ayeuna teh. Dina urusan jeung pada batur kudu jujur.

⁶Ulah macikeuh deui ka urang asing, ka yatim pahatu jeung ka randa-randa. Ulah

maehan deui jelema anu taya salahna di ieu tanah. Ulah ngabarakti deui ka allah-allah sejen, sabab eta teh bakal nyilakakeun ka maraneh.

⁷ Saupama maraneh daraek robah kalakuan, ku Kami diidinan caricing terus di ieu tanah anu ku Kami geus dipusakakeun ka karuhun maraneh supaya jadi tanah milik anu tetep.

⁸ Tapi tetela, anu dipercaya ku maraneh mah omongan anu nyasabkeun.

⁹ Maraneh ngabangsat, maehan, jinah, sumpah palsu, ngurban ka Baal, jeung nyarembah ka dewa-dewa anu tadina maraneh teu wawuh.

¹⁰ Sanggeus nyieun eta kalakuan anu pikagirukeun Kami, maraneh daratang ka hareupeun Kami, ka ieu Bait Kami, bari ngomong, Urang aman!

¹¹ Na anggapan maraneh Bait Kami teh panyumputan begal? Kami geus nenjo sagala kalakuan maraneh.

¹² Jig indit ka Silo, tempat anu pangheulana dipilih ku Kami paranti babakti ka Kami. Tenjo, geus dikumahakeun eta ku Kami ku lantaran dosana umat Kami Israil.

¹³ Eta dosa-dosa kitu ku maraneh dilakonan kabeh, tur sakitu ku Kami diingetan sababaraha kali maraneh arembung ngadenge. Ana ku Kami disaur tara narembalan.

¹⁴Ku sabab kitu, Bait Kami anu ieu oge, anu ku maraneh dijieun andelan, ku Kami rek disina cara anu kaalaman ku nu di Silo. Di dieu oge, tempat anu ku Kami geus dibikeun ka karuhun maraneh jeung ka maraneh, ku Kami rek disina sakumaha anu di Silo.

¹⁵Maraneh rek diusir ti hareupeun Kami, sakumaha Kami geus ngusir dulur-dulur maraneh urang Israil. Kitu timbalan Kami, PANGERAN."

¹⁶Timbalan PANGERAN, "Yermia, maneh ulah mangnedakeun ieu jalma-jalma. Ulah sasambat atawa neneda keur maranehna; najan maneh maksa oge ku Kami moal didenge.

¹⁷Na teu katenjo ku maneh kumaha kalakuanana di kota-kota Yuda jeung di jalan-jalan Yerusalem?

¹⁸Barudak ngarumpulkeun suluh, kolot-kolot ngahurungkeun seuneu, awewe-awewe nyieun adonan jang nyieun kueh, baktikeuneun ka hiji dewi anu ku maranehna dingaranan Ratu Sawarga. Heug deui nyaricikeun anggur sasajen ka allah-allah sejen, maksudna nganyenyeri hate Kami.

¹⁹Tapi naha enya anu dinyenyera teh Kami? Lain, maranehna sorangan anu ngarasa nyerina, nepi ka areraeun.

²⁰Ku sabab kitu, Kami, PANGERAN Nu Maha Kawasa, rek ngabudalkeun amarah ka ieu tempat ibadah. Amarah Kami bakal budal

narajang ka jelema jeung ka sasatoan, malah kana tatangkalan jeung hasil bumi. Amarah Kami bakal saibarat seuneu anu hamo bisa dipareuman.

²¹ Eh umat, kurban-kurban maraneh aya anu kudu diduruk gembleng nepi ka beak dina altar, aya oge anu ku maraneh meunang didahar. Tapi ayeuna ceuk Kami, PANGERAN, masing rek kabeh didalahar ge pek bae.

²² Basa karuhun maraneh ku Kami dibawa kaluar ti Mesir, ku Kami henteu dikudukeun nyanggakeun kurban nu diduruk atawa kurban-kurban sejenna.

²³ Anu diparentahkeun ku Kami nya eta kudu nurut ka Kami, sangkan Kami jadi Allahna sarta maranehna jadi umat Kami. Sarta kudu ngalakonan jalan nu diparentahkeun ku Kami, sangkan marulus dina sagala perkara.

²⁴ Tapi henteu narurut, henteu malire. Anggur ngayunkeun tabeatna anu wangkelang, ngajujur pangajak hatena anu jahat, beuki lila lain beuki hade, tapi beuki goreng.

²⁵ Ti semet karuhun maraneh budal ti Mesir, nepi ka poe ieu pisan Kami ka maraneh henteu weleh ngutus abdi-abdi Kami, nya eta nabi-nabi.

²⁶ Tapi maraneh taya saurang-urang acan anu nurut, perhatian ge euweuh. Nu puguh mah maraneh jadi beuki wangkelang, beuki bangkawarah, leuwih ti karuhun maraneh.

²⁷ Ku sabab kitu, Yermia, sanajan ieu kabeh ku maneh diomongkeun ka umat Kami, geus tangtu maneh moal didenge. Pek maranehna calukan, geus tangtu moal narembalan.

²⁸ Jadi omongkeun, yen maranehna teh bangsa anu teu nurut ka Kami, PANGERAN Allahna, arembung metik hikmah tina pameperih. Kasatiaan teh geus pareum pisan, geus teu aya anu ngomongkeun-
ngomongkeun acan."

²⁹ "Geura nguluwut, urang Yerusalem!
Teukteuk buuk maraneh terus alungkeun
Nyanyikeun lagu nguburkeun di puncak-
puncak pasir, sabab Kami, PANGERAN, keur
amarah, sarta geus miceun umat Kami.

³⁰ Urang Yuda geus nyieun kadorakaan.
Maranehna nempatkeun brahala-brahala,
kagiruk Kami, di jero Bait Kami. Bait Kami
dirurujit.

³¹ Di Lebak Hinom maranehna ngadegkeun
altar anu dingaranan Topet, geusan ngaduruk
anak-anakna nu lalaki nu awewe. Eta lain
parentah ti Kami, malah Kami mah teu
mikir-mikir acan ka anu kawas kitu.

³² Ku hal kitu eta tempat teh engke moal
disarebut deui Topet atawa Lebak Hinom,
tapi Lebak Pameuncitan. Jalma-jalma bakal
dikalubur di dinya, da di tempat sejen mah
geus taya tempat keur nguburkeunana.

³³ Bangke-bangkena bakal jadi parab manuk jeung sato leuweung, sarta moal aya anu bakal ngagebahkeun.

³⁴ Ieu tanah bakal jadi gurun keusik. Kota-kota Yuda jeung jalan-jalan di Yerusalem rek disina jempling, moal aya deui sora suka seuri, moal aya deui sora anu ria-ria, sora ti nu hajat kawinan.

8 ¹ Harita tulang-taleng raja-raja, para pajabat nagara Yuda, kitu deui tulang-taleng nabi-nabi, para imam jeung urang Yerusalem sezenna, bakal dikali dikaluar-luarkeun tina kuburan.

² Lain rek dikumpulkeun terus dipendem deui, tapi diantep bae sina acak-acakan jadi gemuk, ambacak katungkulau ku panonpoe, bulan jeung bentang-bentang nu ku maranehna diparuja disarembah.

³ Jalma-jalma ieu bangsa jahat nu harirup keneh, anu ku Kami geus dipabalencarkeun ka mana-mana, suka keneh marilih paeh tinimbang hirup. Kitu timbalan Kami, PANGERAN Nu Maha Kawasa."

⁴ PANGERAN nimbalan ka sim kuring, miwarang ngomong kieu ka umat-Na, "Ari jelema labuh lain sok hudang deui? Ari anu salah jalan lain sok balik deui?

⁵ Tapi maraneh, umat Kami, sanggeus naringgalkeun Kami teh ku naon teu baralik deui? Maraneh anggur montel ka

brahala-brahala, embung baralik deui ka Kami.

⁶Kami teu weleh ngadedengekeun sugar maraneh sok ngomongkeun hal anu bener, tapi lapur. Saurang ge euweuh nu kaduhung ku kajahatanana. Taya saurang-urang acan anu nanya ka dirina, Aing teh geus dosa naon? Saban jalma haben bae nurutkeun kahayang sorangan, kawas kuda anu mangprung muru ka medan perang.

⁷Manuk bango ge nyahoeun iraha waktuna balik deui. Manuk tikukur, kapinis jeung kucica, nyarahoeun iraha kudu pindah ka daerah sejen. Tapi maraneh, umat Kami, teu nyaraho kana hukum-hukum Kami anu dipake ngatur maraneh.

⁸Kumaha rek bisa ngaku majar bijaksana jeung nyaraho kana hukum-hukum Kami? Tenjo, hukum-hukum Kami geus dirobah ku tukang-tukang nyalin anu teu jujur.

⁹Jalma-jalma bijaksana di maraneh bakal diera-era, bakal laleungit akal jeung kajiret. Maranehna nolak dawuhan-dawuhan Kami; jadi, kabijaksanaan naon anu ayeuna nyampak keneh di maranehna?

¹⁰Ku sabab kitu lahan-lahanna ku Kami rek diserenkeun ka nu sejen, sarta pamajikan-pamajikan maranehna rek dibikeun ka nu sejen. Kabeh jalma, nu gede, nu leutik, pabisa-bisa nyiar kauntungan nu teu halal;

malah nabi-nabi jeung para imam ge nipuan
rahayat.

¹¹ Raheut-raheut umat Kami dianggapna
ngan ukur bared. Teu naon-naon, aman,
carekna, padahal sama sakali teu aman.

¹² Areraeun henteu dumeh eta kalakuanana
teh kacida nistana? Teu, teu areraeun; teu
nyahoeun-nyahoeun acan beureum beungeut
teh kumaha. Ku sabab kitu lamun ku Kami
geus diterapan hukuman, tangtu bakal
tigejret kawas anu sejen-sejen, nya harita
pitungtungeun maranehna teh. Kitu timbalan
Kami, PANGERAN.

¹³ Kami teh hayang ngumpulkeun umat,
kawas juru tani ngumpulkeun hasil
pepelakanana. Tapi umat Kami teh lir tangkal
anggur atawa tangkal kondang anu teu
buahan, malah daunna ge parerang. Nya ku
sabab kitu eta tanah ku Kami dikajeunkeun
sina dicokot ku urang piluaran."

¹⁴ Ceuk umat Allah, "Ku naon urang caricing
bae di dieu? Hayu urang marubus ka
kota-kota anu dibenteng, urang ngaradon
paeh di dinya. Urang teh geus disina paraeh
ku PANGERAN Allah urang, dibere racun kudu
diinum, lantaran doraka ka Anjeunna.

¹⁵ Ngarep-ngarep pisenangeun, ngarep-
ngarep bisa menyat, kalah ka ditarajang
pikasieuneun.

¹⁶ Musuh geus aya di kota Dan, kudana
geus bebenger. Ana kudana bebenger

tingharoang, ieu tanah mani asa eundeur. Musuh geus datang rek ngaruksak tanah urang jeung sagala eusina, kota urang jeung jelema-jelemana."

¹⁷ Lahiran PANGERAN, "Awas, Kami rek ngaleupas-leupaskeun oray anu maratih, anu teu tunduk ku jampe, sina maracok ka maraneh."

¹⁸ Kuring gering sajeroning pikir, nalangsa teu daek paler.

¹⁹ Tah dengekeun, di sakuliah nagri bangsa kuring tingjarerit, "Naha kitu PANGERAN teh geus teu linggih di Sion? Naha kitu raja di Sion teh geus teu aya di dinya?" PANGERAN, raja maranehna, ngawaler, "Naha atuh maraneh ngajengkelkeun Kami, nyarembah ka arca-arca, sarujud ka dewa-dewa asing anu euweuh pisan gunana?"

²⁰ Rahayat sasambat, "Usum panas jeung usum dibuat geus liwat, tapi urang acan salamet keneh bae."

²¹ Hate kuring ajur, lantaran bangsa kuring ancur, pikiran nguluwut marungkawut.

²² Naha di tanah Gilad teh taya pisan ubar? Taya pisan doktor? Ku naon bangsa kuring henteu cageur-cageur?

9 ¹ Hayang teh ieu sirah ngajadi sumur anu caian panon ngajadi cinyusu cimata, sangkan bisa ceurik beurang peuting, nyeungceurikan bangsa kuring anu enggeus dibinasa.

²Hayang teuing boga tempat di gurun keusik, keur nyinkiran bangsa kuring, bangsa anu teu satia, jalma-jalma hianat,

³anu siap salilana kana ngabohong; kasaestuan di ieu nagri geus diganti ku kateujujuran. Timbalan PANGERAN, "Kalakuan umat Kami ngan goreng jeung goreng bae, jeung carekna Kami teh lain Allahna."

⁴Unggal jalma ka pada batur kudu curiga, dulur oge taya anu beunang dipercaya, sabab tiap dulur tabeatna licik kawas Yakub, tiap jalma silih pitenah.

⁵Saban jalma silih tipu, taya pisan nu ngomongna saenyana. Sungutna geus tuman ngabohong, geus teu barisaeun ngeureunan dosana.

⁶Lampahna tina telenges kana telenges, tina nipi kana nipi. Lahiran PANGERAN, umat-Na henteu ngaku ka Mantenna.

⁷Ku sabab kitu, kieu lahiran PANGERAN Nu Maha Kawasa, "Umat Kami rek diuji saperti logam, rek disina murni deui. Eta umat geus nyieun kajahatan, jadi naon deui anu ku Kami kudu dilampahkeun ka maranehna?

⁸Letahna ibarat jamparing matih matak paeh, ucap-ucapanana bohong malulu. Tiap jalma ngomongna lumah-lameh, tapi saenyana mah naheunan.

⁹Piraku eta kalakuanana teh moal dihukum ku Kami? Piraku bangsa nu kitu moal dibales ku Kami? Kitu timbalan Kami, PANGERAN."

¹⁰Piunjuk kaula, "Gunung-gunung, tegal-tegal pangangongan, ku abdi bade diceungceurikan, jalaran parantos burindil, garundul, tara aya nu ngaliwat-liwat acan. Sora ingon-ingon tara kakuping deui. Manuk sareng sato leuweung ge parantos aringkah ti dinya."

¹¹PANGERAN nimbalan, "Yerusalem ku Kami rek dijieu ruruntuhan, enggon ajag, kota-kota tanah Yuda bakal kosong, bakal jempling moal aya nu nyicingan."

¹²Piunjuk kaula, "Nun PANGERAN, ku naon eta tanah teh dugi ka burak-barik sareng garing sapertos gurun keusik, dugi ka teu aya anu ngaliwat-liwat acan ka dinya? Saha pijalmieunana anu arif, nu bakal ngartos kana eta kajadian? Saha anu ku Gusti parantos dicariosan hal eta supados ku eta jalmi dicarioskeun deui ka anu sanes?"

¹³Waler PANGERAN, "Eta kajadian teh lantaran umat Kami geus naringgalkeun pangajaran Kami. Geus teu narurut, timbalan Kami teu dilalampahkeun.

¹⁴Anggur ngaralawan ka Kami jeung nyarembah ka arca-arca Baal, nurutkeun papatah bapana masing-masing.

¹⁵Ku sabab eta dengekeun ieu anu baris dilalampahkeun ku Kami, PANGERAN Nu

Maha Kawasa, Allahna urang Israil: Umat Kami rek dibere pepelakan anu parait geusan dahareunana, arek dibere racun keur inumeunana.

¹⁶ Arek disina pabalencar, sina caricing di bangsa-bangsa anu ku maranehna kitu deui ku karuhunna acan kadenge ngaran-ngaranna acan. Tuluy sina ditarajang ku hiji balad, sarta tungtungna tumpur pisan ku Kami."

¹⁷ PANGERAN Nu Maha Kawasa nimbalan, "Awaskeun anu bakal kajadian! Calukan jelema-jelema purah nalangan ceurik, calukan awewe-awewe purah ngawihkeun lagu sungkawa."

¹⁸ Ceuk jalma-jalma, "Sina buru-buru daratang, nalangan urang ngawihkeun lagu sungkawa nepi ka urang rambay cipanon, nepi ka panon carindul balas careurik."

¹⁹ Tah, dengekeun sora anu sasambat di Sion, "Urang geus tumpur, sarta pohara nandang hinana! Kudu arindit ti lemah cai, imah urang geus raruntuh."

²⁰ Ceuk kaula, "Aranjeun, kaom wanita, dengekeun, perhatikeun timbalan-timbalan PANGERAN. Papatahan anak, kuma petana nalangsa. Papatahan babaturan, kudu kumaha ngawihkeun lagu sungkawa.

²¹ Maot geus datang, asup tina jandela-jandela, ngasupan karaton-karaton urang. Anak urang ku eta dibabandan di jalan-jalan, barudak ngora dibabandan di pasar-pasar.

²² Bangke patulayah di mana-mana, kawas berak di tegal tingtarumpuk, kawas kebon jagong dicacar, geus dicacar ditinggalkeun, diantep teu dikumpulkeun. Tah, timbalan eta anu ku PANGERAN dipiwarang diucapkeun ku kaula teh."

²³ PANGERAN nimbalan, "Jalma ulah agul ku kabijaksanaanana, jalma bedas ulah agul ku kabedasanana, jalma beunghar ulah agul ku kabeungharanana.

²⁴ Lamun hayang aya agulkeuneun, kudu agul teh lamun wawuh ka Kami, sarta ngarti kana pangersa Kami. Sabab kanyaah Kami taya watesna, sarta Kami salawasna midamel nu bener jeung nu saenyana. Nya kalakuan kitu karesep Kami. Kitu timbalan Kami, PANGERAN."

²⁵ (9: 25-26) PANGERAN nimbalan, "Engke datang mangsana Kami baris ngahukum urang Mesir, urang Yuda, urang Edom, urang Amon, urang Moab, jeung urang gurun keusik anu buukna dicalukur pondok. Maranehna kabeh oge disunat cara urang Israil, tapi boh maranehna boh urang Israil, kalakuanana saperti kalakuan jalma-jalma anu teu disunat, sabab henteu nyekel kana perjangjian anu dilambangkeun ku eta sunat."

²⁶ (9: 25)

10¹ Eh urang Israil, raregepkeun ieu amanat ti PANGERAN ka maraneh.

²Kieu timbalan Mantenna, "Maraneh ulah nurutan adat kalakuan bangsa sejen. Jeung ulah sok reuwas ku tetenjoan anu luar biasa di langit, anu sok dipikasieun ku bangsa-bangsa sejen.

³Agama maranehna taya pisan hartina. Kai dituar ti leuweung, tuluy ditatah ku parabot tukang kai,

⁴seug dihiasan ku perak jeung emas. Ngarah tagen teu tiguling seug dipaku.

⁵Eta arca-arca brahala teu beda ti bebegig di kebon bonteng, teu bisaeun ngomong, kudu diangkat jungjung, da henteu bisaeun leumpang sorangan. Ku maraneh teu kudu dipikasieun, da henteu bisaeun nyusahkeun, henteu bisaeun nyenangkeun."

⁶Nun PANGERAN, Gusti taya sasamina, Gusti teh maha perkasa, jenengan Gusti agung tur kawasa.

⁷Saha anu teu bade ngagungkeun ka Gusti, rajana sadaya bangsa? Gusti teh layak dihormat. Para arif bijaksana bangsa-bangsa, sinareng raja-rajana, henteu aya anu nandingan ka Gusti.

⁸Maranehna nya barodo nya barurung, margina pangajaran naon anu tiasa dipetik tina arca kai?

⁹Eta arca-arca dilapis ku perak ti nagri Sepanyol, sareng ku emas ti nagri Upas; buatan para seniman; dipakean lawon warna wungu sareng pear, tinunan anu arahli.

¹⁰Dupi Gusti mah nun PANGERAN, nya Allah anu sajati, nya Allah anu jumeneng, raja anu langgeng. Saupami Gusti bendu, jagat inggeung, bangsa-bangsa teu kiateun nandangan bebendu Gusti.

¹¹(Bejakeun ka maranehna, yen eta dewa-dewa anu henteu nyarieun bumi jeung langit teh bakal ditumpes, sina musna ulah aya deui di kolong langit.)

¹²PANGERAN ngadamel bumi ku pangawasa-Na, ngadegkeun jagat, mantengkeun langit, ku hikmat-Na.

¹³Ku karana timbalana-Na, cai di awang-awang ngaguruh; Mantenna ngadatangkeun mega ti tungtung-tungtung bumi, ngadamel kilat ngaburinyay marengan hujan, ngabijilkeun angin ti gudang kagungana-Na.

¹⁴Narenjo pamandangan saperti kitu, manusa teh rumasa bodo, anu nyarieun arca brahala ngarasa kuciwa da dewa-dewa buatanana palsu, taya nyawana.

¹⁵Kabeh ge taya hargana jeung poyokeun, dina waktuna kabeh baris dibasmi ku PANGERAN.

¹⁶Allahna Yakub mah beda pisan ti eta. Nya Mantenna anu ngadamel sagala rupa, anu geus ngangkat Israil jadi umat-Na ku manten. Jenengan Mantenna nya eta PANGERAN Nu Maha Kawasa.

¹⁷Eh urang Yerusalem, aranjeun keur dikepung. Geura kumpulkeun babandaan.

¹⁸ Aranjeun ku PANGERAN baris dibuang ti ieu tanah. Aranjeun baris ditumpes ku Mantenna, moal disesakeun. Kitu pangandika PANGERAN.

¹⁹ Urang Yerusalem sasambat, "Ieu tatu urang parna pisan. sarta ieu raheut moal bisa cageur. Tadina mah sugaran teh rek kuat nandanganana!"

²⁰ Kemah urang geus burakrakan, tali-tali pamantengna paregat. Euweuh saha-saha nu bakal nangtungkeun deui kemah urang, nu bakal masangkeun deui tenda-tendana, lantaran anak-anak urang geus teu araya."

²¹ Tembal kaula, "Pamingpin urang garejul, henteu marenta ditungtun ku PANGERAN, ku sabab eta maranehna garagal, sarta bangsa urang jadi pabalencar.

²² Dengekeun! Aya seja datang! Aya hiji bangsa di kaler keur obyang pahibut, tentarana bakal ngarobah kota-kota Yuda jadi gurun keusik, jadi pienggoneun ajag.

²³ Nun PANGERAN, abdi terang manusa mah teu kawasa nangtoskeun nasibna, teu kawasa nangtoskeun hirupna.

²⁴ Nun PANGERAN, mangga umat Gusti teh teunggeul nanging ulah tarik teuing. Sareng ari keur bendu ulah dongkap ka ngahukum, margi tangtos abdi sadaya musna.

²⁵ Bade bendu mah langkung sae ka bangsa anu ka Gusti henteu ngabakti, anu teu ngangken ka Gusti. Maranehna maehan umat

Gusti ngabasmi abdi-abdi dugi ka tumpur,
sareng ngaburak-barik ieu nagri."

11 ¹Dawuhan PANGERAN ka kaula,
²"Regepkeun ieu sarat-sarat
perjangjian. Bejakeun ka urang Yuda jeung
urang Yerusalem,

³yen Kami, PANGERAN Allahna urang Israil,
baris nyapa ka sakur anu teu nurut kana ieu
sarat-sarat.

⁴Ieu teh perjangjian antara Kami jeung
karuhun maranehna, basa karuhunna ku Kami
dibawa kaluar ti Mesir, tanah anu karasana ku
maranehna lir tungku anu marong. Ceuk Kami
maranehna kudu nurut, kudu ngalampahkeun
sagala parentah Kami. Saupama narurut,
tangtu maranehna diangkat jadi umat Kami,
Kami jadi Allah maranehna.

⁵Jangji Kami anu diikrarkeun ka karuhun
maranehna, nya eta rek mere tanah anu
subur makmur, anu ayeuna dicicingan ku
maranehna, ku Kami baris dilaksanakeun."
Piunjuk kaula, "Saleresna kitu, GUSTI."

⁶PANGERAN ngadawuh deui, "Uarkeun
timbalan Kami ka nu caricing di kota-kota
tanah Yuda jeung di jalan-jalan Yerusalem,
uarkeun yen kudu ngadarenge jeung narurut
kana eta sarat-sarat perjangjian.

⁷Waktu karuhunna dibawa budal ti Mesir, ku
Kami geus diomat-omatan pisan yen kudu
narurut. Tur Kami ngomat-ngomatan teh nepi
ka kiwari pisan.

⁸Tapi maranehna teu ngadarenge, teu narurut, malah tetep baredegong jeung jarahat kawas bareto. Dititah tigin kana perjangjian teh ngan nolak bae. Nya ku Kami dihukum, sapuk jeung eusi eta perjangjian."

⁹Timbalana-Na deui ka kaula, "Urang Yuda jeung urang Yerusalem geus sakait ngaralawan ka Kami.

¹⁰Maranehna marigawe dosa anu baheula dipigawe ku karuhunna, nolak kana pituduh Kami, ngabarakti ka allah-allah sejen. Nya Israil, nya Yuda, geus miceun perjangjian anu ku Kami diayakeun jeung karuhunna.

¹¹Ku sabab eta ayeuna Kami, PANGERAN, mere nyaho, yen Kami rek numpes maranehna sarta moal aya anu bisa lput. Saupama maranehna sasambat marenta tulung, moal didangu.

¹²Urang Yuda jeung urang Yerusalem engke sasambat marenta tulungna teh ka allah-allah sejen anu ku maranehna biasa dikurbanan. Geus tangtu eta aallahan-aallahanana teh moal bisaeun nulungan maranehna lamun eta kacilakaan geus datang.

¹³Aallahan urang Yuda kacida lobana, loba pisan saperti kotana. Ari di urang Yerusalem mah anu loba teh altar paranti ngurban ka Dewa Baal anu pikagirukeun tea, lobana sarua jeung jalan di eta kota.

¹⁴Yermia, eta jelema-jelema ku maneh ulah dipangnedakeun ka Kami, ulah dibelaan.

Lamun maranehna sasambat marenta pitulung Kami pedah keur kasusahan, moal didenge."

¹⁵Timbalana-Na deui, "Umat kanyaah Kami teh geus doraka. Jadi naon deui hakna di Bait Kami? Naha ari balahi teh bisa dicegah ku nadar jeung ngurbankeun sato? Naha nadar jeung kurban teh bisa ngayakeun kasenangan?

¹⁶Tadina mah maranehna disebutna ku Kami teh tangkal jetun anu gomplok tur buahna leubeut. Tapi ayeuna mah ku Kami daunna rek diduruk, dahan-dahanna arek dipeunggas-peunggaskeun, sarta sorana gumuruh lir guludug.

¹⁷Israil jeung Yuda geus dipelak ku Kami, PANGERAN Nu Maha Kawasa. Ayeuna ku Kami rek ditarajang ku balahi. Salah maranehna keneh, geus ngajengkelkeun ka Kami, ngalurban ka Dewa Baal."

¹⁸PANGERAN ngawartosan yen aya musuh-musuh anu ngarah ka kaula.

¹⁹Ari kaula kawas anak domba, teu curiga naon-naon ditungtun arek dipeuncit teh, teu terang yen keur diarah. Padahal maranehna geus sakait, aromongna, "Eta tangkal urang tuar meungpeung seger keneh! Urang paehan eta jelema teh, sing ulah aya anu inget-inget acan!"

²⁰Kaula neneda, "Nun PANGERAN Nu Maha Kawasa, Gusti teh hakim nu adil, anu

nguji pikiran sareng hate manusa. Abdi nyanggakeun ieu perkawis kana panangan Gusti. Abdi hoyong ningal maranehna ku Gusti dibales."

²¹ Anu rek maehan kaula teh urang Anatot. Carek maranehna, lamun kaula masih nguar-nguarkeun pangandika PANGERAN, moal teu dipaehan.

²² Ku sabab eta PANGERAN Nu Maha Kawasa ngandika, "Eta jelema-jelema tangtu ku Kami dihukum. Nu ngarora sina paraeh di medan perang, anak-anakna sina paraeh ku kalaparan.

²³ Kami geus nangtukeun hiji waktu, urang Anatot ku Kami rek ditarajang ku balahi. Ana balahina geus datang, maranehna moal aya anu nyesa."

12¹ "Nun PANGERAN, upami abdi ngadu ka Gusti, tangtos Gusti anu leres. Nanging ayeuna abdi gaduh piunjuk, seja tumaros perkawis kaadilan. Naon margina anu jarahat baleunghar? Naon margina anu teu jalujur harasil maksud?

² Ibarat tangkal, maranehna ku Gusti dipelak, alakaran sareng baruahan. Gusti ku maranehanana sering disebat-sebat, padahal hatena mah ka Gusti teh api lain.

³ Gusti uninga ka abdi, kumaha lampah abdi, sareng kumaha nyaahna abdi ka Gusti. Mugi eta jalmi-jalmi ku Gusti digusur, sapertos

domba anu bade dipeuncit, dijaga dongkap ka dipeuncitna.

⁴ Bade sabaraha pilamieunana ieu tanah disina garingna? Bade sabaraha lamina jukut-jukut di pangangongan jadi perang? Manuk sareng sasatoan pararaeh, lantaran kajahatan bangsa abdi, anu ngaromong, Moal uningaeun Allah teh kana kalakuan urang."

⁵ Timbalan PANGERAN, "Yermia, lamun balap jeung jelema maneh geus cape, komo lamun balap jeung kuda. Lamun di jero kota geus ngarasa hariwang, komo lamun di leuweung sisi Walungan Yordan.

⁶ Dulur-dulur jeung baraya-baraya maneh hianat, ka maneh rek nyilakakeun. Sanajan ka maneh alus ngomongna, maneh ulah percaya."

⁷ PANGERAN nimbalan, "Israil ku Kami geus ditinggalkeun. Anu bareto ku Kami dipilih, ayeuna dipiceun. Anu bareto dipikanyaah, ayeuna rek diselehkeun ka musuhna.

⁸ Eta umat pilihan Kami teh ngalawan ka Kami, mani kawas singa di leuweung, ka Kami wani tinggalaur, nu matak Kami teh ijid.

⁹ Umat pilihan Kami teh sina jadi kawas manuk anu dibintihan ku heulang-heulang ti kenza ti katuhu. Sakalian kumpulkeun sato-sato galak, sina marilu ngarecah awakna.

¹⁰ Loba pangereh-pangereh urang asing anu ngaruksak kebon anggur Kami. Kebon Kami

ku maranehna dilaleyekan; tanah Kami anu alus ku maranehna dijadikeun gurun keusik.

¹¹ Ku maranehna dijadikeun tanah gundul, jadi tanah pikasediheun hareupeun Kami. Sakuliahna geus jadi gurun keusik, taya anu malire.

¹² Pada ngaranjah ku jalma-jalma anu holna ti peuntaseun gurun keusik di pagunungan. Sakuliahna ku Kami dibasmi ku perang, taya jalma anu hirupna aman di dinya.

¹³ Umat Kami melak gandum, nu kaala jukut. Digarawe hese cape, taya beubeunanganana. Pepelakanana ku Kami diruksak, bakating Kami jengkel kabina-bina."

¹⁴ PANGERAN nimbalan, "Kami aya dawuhkeuneun ka tatangga urang Israil, anu geus ngaruksak tanah pusaka ti Kami ka urang Israil. Eta jelema-jelema anu jarahat teh ku Kami baris dipiceun ti nagara-nagarana, kawas ngarabut pepelakan; ari Yuda ku Kami baris dileupaskeun tina genggeman maranehanana.

¹⁵ Tapi sanggeusna dipiceun, ku Kami rek dipikarunya deui. Unggal bangsa ku Kami baris dipulangkeun deui ka lemah caina, ka nagarana masing-masing.

¹⁶ Upama daraekeun narima kapercayaan anu dianut ku umat Kami kalawan satemenna, sarta sumpah, Demi Allah anu jumeneng cara maranehna tadina ngajar umat Kami, sumpah demi Dewa Baal maranehna oge

bakal diangkat jadi umat Kami, sarta hirupna bakal sarenang.

¹⁷ Sabalikna upama aya bangsa anu embung nurut, ku Kami tangtu dirabut jeung dibasmi nepi ka beak. Kitu timbalan Kami, PANGERAN."

13 ¹Timbalan PANGERAN ka kaula, "Maneh kudu meuli sarung pondok tina lawon linen, tuluy pake, tapi ulah dicelubkeun kana cai."

² Seug kaula meuli sarung pondok, tuluy dipake.

³ Ti dinya PANGERAN nimbalan deui, dawuhana-Na,

⁴ "Maneh kudu ka Walungan Eprat, eta sarung pondok sumputkeun di ditu dina sela-sela batu cadas."

⁵ Bral kaula indit, sarung pondok teh disumputkeun di sisi Walungan Eprat.

⁶ Heuleut sawatara poe ku PANGERAN dipiwarang ka ditu deui nyokot eta sarung pondok.

⁷ Kaula indit, sarta sanggeus nepi ka enggon nyumputkeunana, geuning eta sarung teh geus bobo, moal bisa dipake deui.

⁸ PANGERAN ngadawuh deui, dawuhana-Na,

⁹ "Nya cara kitu Yuda jeung Yerusalem anu kamagungan teh engke ku Kami diruksak.

¹⁰ Eta umat anu jarahat teh arembungeun ngagugu ka Kami. Tetep bae warangkelang, jeung ngabarakti sarta nyarembah ka

allah-allah sejen. Ku sabab kitu maranehna pijadieun saperti eta sarung anu geus teu bisa dipake deui.

¹¹ Niat Kami tadina, urang Israil jeung urang Yuda teh sina pageuh meulit ka Kami, sakumaha sarung pageuh meulit kana cangkeng, sina jadi umat Kami, sangkan jenengan Kami dipuji jeung dihormat. Tapi maranehanana teu narurut bae."

¹² Allah PANGERAN nimbalan ka kaula, "Yermia, urang Israil kudu dititah ngareusian tahang-tahang ku cianggur. Tangtu engke ngajjarawabna teh memang ge nyaho, tahang anggur mah kudu dieusian ku cianggur.

¹³ Ku maneh kudu dijawab yen: jalma-jalma eusi ieu tanah, nya eta raja-raja turunan Daud, imam-imam, nabi-nabi jeung sakabeh urang Yerusalem, ku PANGERAN, nya ku Kami, rek didedetan ku cianggur datang ka marabok.

¹⁴ Geus kitu, boh nu geus karolot, boh nu ngarora keneh, kabeh ku Kami rek diadukumbangkeun pada baturna, kawas tahang-tahang anggur dibentur-benturkeun. Kami moal rek karunya, moal rek watir, moal nyaah-nyaah, kabeh ge rek disina paraeh."

¹⁵ Kitu timbalan PANGERAN, eh urang Israil! Ulah arangkuh, rendahkeun diri, sing ngadenge ka Mantenna.

¹⁶ Sing hormat ka PANGERAN, Allah aranjeun, bisi Mantenna kaburu nurunkeun

poek, nepi ka aranjeun titarajong di gunung-gunung, memeh cahaya harepan aranjeun ku Mantenna dirobah jadi poek mongkleng.

¹⁷ Lamun aranjeun teu ngagarugu, kaula anu batি ceurik bari nyumput, nalangsa ku kaangkuhan aranjeun, kaula anu batি ceurik balilihian banjir cipanon, nyeungceurikan umat PANGERAN ditawan ka pangbuangan.

¹⁸ Timbalan PANGERAN ka kaula, "Bejakeun ka raja jeung ka indungna, turun kituh tina tahta, sabab makutana anu mulya geus copot tina sirahna.

¹⁹ Kota-kota pakidulan nagri Yuda geus dikepung, nepi ka euweuh nu bisa kaluar ti dinya. Urang Yuda kabeh geus dibawa ka tempat buangan."

²⁰ Duh Yerusalem, tuh musuh anjeun geus murubul ti tebeh kaler! Di mana ayeuna rahayat anu dipercayakeun ka anjeun, anu jadi kaagulan anjeun?

²¹ Kumaha pibasaeun anjeun upama geus ditarajang nepi ka eleh ku bangsa anu ku anjeun disangka sobat? Anjeun ngan kari nandangan kanyeri, lir awewe nu rek ngajuru.

²² Mun ceuk anjeun ku naon nu matak anjeun ngarandapan ieu kabeh ku naon pakean anjeun rangsak sarta anjeun dirangsadan nya lantaran dosa anjeun anu sakitu dorakana.

²³ Bisaeun jalma kulit hideung ngaganti warna kulitna, atawa maung tutul ngarobah tarotolna? Upama eta bisa, kakara anjeun

oge, anu geus tuman kana kajahatan, bisa diajar migawe nu bener.

²⁴Anjeun ku PANGERAN bakal dipabalencarkeun kawas jarami ditebak ku angin ti gurun keusik.

²⁵Kitu pinasibeun anjeun, dawuhan PANGERAN. Kitu dipastikeunana ku Mantenna, lantaran anjeun geus mopohokeun ka Mantenna tuluy percaya ka allah palsu.

²⁶Aranjeun bakal tempong wiwirang, sabab bakal ditaranjangan ku PANGERAN ku manten.

²⁷Kalakuan anjeun anu sakitu najisna teh ku Mantenna katingali. Katingalieun yen di pasir-pasir, di tegalan-tegalan, anjeun muru-muru brahala, kawas lalaki anu kaedanan ku pamajikan batur, atawa kawas kuda lapar ku bikang. Eh urang Yerusalem, cilaka aranjeun! Iraha aranjeun rek beresih teh?

14¹PANGERAN nimbalan ka kaula yen bakal aya halodo kacida tarikna.

Timbalana-Na,

²"Nagri Yuda nguyung, kota-kotana aralum, jalma-jalma ngagaloler dina taneuh bawaning prihatin. Yerusalem sasambat menta tulung.

³Nu baleunghar nitahan para badega ngarala cai ka sumur. Tapi baralikna ngan marawa wadah kosong, kabeh sumur euweuh caian. Bati narungkupan beungeut ku sabab bingung baluweng.

⁴Hujan henteu turun-turun, taneuh mani garing, nu tarani garering pikir, batu narungkupan beungeut.

⁵Di sampalan, indung uncal ninggalkeun anakna anu kakara borojol, lantaran geus euweuh jukut.

⁶Kalde leuweung narangtung di pasir-pasir, ambekanana ngarongsog kawas ajag, panonna careuleuyeu, geus lila henteu manggih-manggih jukut.

⁷Umat Kami sasambat, pokna, Leres ieu teh balukar dosa abdi sadaya. Sanaos kitu, nun PANGERAN, tulungan, kapan Gusti parantos jangji. Abdi-abdi rumaos doraka, sering pisan mungkur ti Gusti.

⁸Harepan Israil mung ka Gusti, mung Gusti anu sok nyalametkeun tina balahi. Nanging ku naon Gusti teh di ieu tanah bet sapertos urang asing bae, lir nu nyaba mung ngadon kulem sawengi.

⁹Ku naon sapertos anu bingung, lir prajurit anu teu bisa bebela? Tangtos Gusti kersa nyarengan. Kapan abdi-abdi teh umat kagungan, mugi ulah ditilarkeun."

¹⁰Kieu timbalan PANGERAN hal eta umat, "Karesep maranehna ngalantur jauh ti Kami, ngalantrah sakarep-karep. Kami teu resep. Kami inget kana sagala kalakuanana anu goreng. Ku lantaran dosana tea ku Kami arek dihukum."

¹¹ Timbalan PANGERAN ka kaula, "Eta umat ku maneh ulah dipangnedakeun ka Kami.

¹² Sanajan marenta tulung ditarima. Sanajan nepi ka marere kurban, boh kurban beuleuman boh kurban gandum, ku Kami moal ditarima. Anggur rek ditumpes ku perang, ku kalaparan jeung ku panyakit."

¹³ Piunjuk kaula, "Nun PANGERAN Nu Maha Kawasa, kapan Gusti ge uninga, kumaha saur nabi-nabi ka eta umat, nya eta di dieu moal aya perang, moal aya kalaparan, margi salaurna Gusti parantos jangji yen nu bade kasorang teh taya sanes kajabi ti aman kerta."

¹⁴ Tapi waler PANGERAN, "Eta nabi-nabi ngabarahong bari mamawa ngaran Kami. Kami mah henteu ngutus maranehanana, henteu nitah nanaon, sakecap ge Kami henteu nitip timbalan atawa parentah. Sagala tetenjoan anu diwejangkeun ku maranehna lain ti Kami. Sagala pangramalna taya hartina, ngan jijieunanana bae.

¹⁵ Kami mere nyaho rek dikumahakeun engke ku Kami, eta nabi-nabi anu lain utusan Kami, tapi ari wewejang mamawa ngaran Kami, anu majarkeun di ieu tanah moal aya perang jeung moal aya kalaparan. Maranehna ku Kami rek dibasmi ku perang jeung kalaparan.

¹⁶Rahayat anu ku maranehna dibere piwejang ge rek dibasmi cara kitu keneh. Bangke-bangkena bakal dialung-alungkeun ka jalan-jalan di Yerusalem, moal aya anu ngubur. Pasti eta balahi teh narajang ka maranehna saanak pamajikan, awewe lalaki. Kajahatanana ka Kami kudu dibayar."

¹⁷PANGERAN miwarang ka kaula ngutarakeun kanalangsaan ka maranehna, "Kaula cipruk ku cipanon, ceurik beurang peuting, nyeungceurikan bangsa anu keur payah, raheut jero kacida.

¹⁸Waktu kaula kaluar ka tegal-tegal, kaula nenjo mayit-mayit tingjolopong urut diamuk ku perang, waktu kaula asup ka kota-kota, kaula nenjo jalma-jalma geus meh paraeh ku kalaparan. Imam-imam jeung nabi-nabi ngajaranlankeun tugasna bari teu nyaraho naon anu dilampahkeun."

¹⁹"Nun PANGERAN, naha urang Yuda ku Gusti dipiceun sama sakali? Naha Ieres Gusti cua ka urang Sion? Ku naon abdi-abdi sakieu disiksana, dugi ka samar kana menyat deui. Hoyong kerta hoyong aman, anu buktos sanes anu matak senang. Hoyong cageur, anggur dongkap nu pikasieuneun.

²⁰Abdi-abdi parantos dosa, nun PANGERAN. Rumaos tur diangken pisan, boh dosa abdi-abdi, boh dosa karuhun.

²¹Mugi emut kana jangji, abdi-abdi ulah dipidamel hinakeuneun, Yerusalem ulah

dipidamel rendahkeuneun, margi eta teh tempat tahta Gusti anu mulya. Perjangjian Gusti sareng abdi-abdi ulah dibatalkeun.

²²Brahala bangsa-bangsa, taya hiji nu tiasa nurunkeun hujan. Langit oge teu tiasa sorangan nurunkeun hujan. Mung Gusti nu jadi harepan, nun PANGERAN, Allah abdi sadaya, reh eta sadayana beh Gusti nu midamelna."

15¹Geus kitu PANGERAN nimbalan ka kaula, "Sanajan upama Musa jeung Samuel narangtung di dieu mangmentakeun sangkan eta jelema-jelema ku Kami dipikarunya, Kami tetep moal ngarunya. Usir eta jelema-jelema teh, sina aringkah ti hareupeun Kami.

²Upama naranyakeun ka maneh ka mana kudu indit, bejakeun ieu timbalan Kami, Nu baris paraeh ku panyakit, nya disamber ku panyakit! Nu baris paraeh ku perang, nya disamber ku perang! Nu baris paraeh ku kalaparan, nya disamber ku kalaparan! Nu baris ditawan jadi jalma buangan, nya digiring ka pangbuangan!

³Kami, PANGERAN, geus nangtukeun, maranehna baris ditarajang ku opat rupa kajadian anu hebat. Nya eta: sina paraeh ku perang; bangke-bangkena sina digalusuran ku anjing, sina diharakanan ku manuk, sesana dileglegan ku sato-sato galak.

⁴ Jalma-jalma sakuliah jagat ku Kami rek disina galimir narenjo hal maranehanana. Eta teh ku sabab kalakuan Hiskia bin Menase di Yerusalem, basa manehna jadi raja di nagri Yuda."

⁵ Timbalan PANGERAN, "Cik saha nu rek karunya ka maraneh, urang Yerusalem? Saha nu rek mangnalangsakeun? Saha nu rek eureun heula merlukeun nanya ka maraneh salamet henteuna?

⁶ Maraneh geus miceun Kami, nukangan Kami, jadi Kami ngangkat leungeun, rek ngajejewet maraneh, sabab Kami geus bosen nahan amarah.

⁷ Maraneh, di saban kota di ieu tanah, ku Kami rek dijieuun saperti jarami katebak angin. Najan maraneh teh umat Kami, mo burung dibasmi. Anak maraneh rek ditumpes, lantaran maraneh teu eureun-eureun doraka.

⁸ Tanah maraneh sina loba randa, leuwih loba ti batan keusik basisir. Barudak ngora keur meumeujeuhna, arek dibasmi, indungna sina naralangsa. Ku Kami rek didadak ditinggang ku karupek jeung kareuwas.

⁹ Indung nu kauculan ku anak tujuh ngelepek kapiuhan, ambekanana ngahanju. Poena anu bengras jadi reueuk poek, kaayaanana nya hina nya gering pikir. Sesana anu harirup keneh sina beak ditumpes ku musuh. Kitu timbalan Kami, PANGERAN."

¹⁰ Diri abdi kacida apesna! Kanggo naon pun biang ngajurukeun abdi ka dunya? Di ieu tanah, abdi dugi ka kedah cekcok sareng pacental-cental sareng unggal jalmi. Abdi tara ngahutangkeun artos, ngahutang ge tara, nanging pada nyumpahan ku unggal jalmi.

¹¹ Nun PANGERAN, upami leres abdi ngabdi ka Gusti teh henteu saregep, sareng upami leres abdi henteu ngabela perkara musuh di payuneun Gusti waktos maranehna kenging bahla sareng kasesah, mugi eta panyapa jalmi-jalmi teh sing teurak ka abdi.

¹² (Saurang ge moal aya anu tiasa minggeskeun beusi, komo beusi ti tatar kaler anu dicampur ku parunggu.)

¹³ Timbalan PANGERAN ka kaula, "Kami rek nitah musuh sina ngunjal harta banda jeung kakayaan umat Kami, jadi hukuman ku tina dosana anu dipigawe di sakuliah ieu tanah.

¹⁴ Jelema-jelemana rek disina jaradi badega musuh-musuhna di hiji tanah anu ku maranehna can kanyahoan kaayaanana, sabab amarah Kami ngagugudag lir seuneu, sina ngahuru ka maranehna salalawasna."

¹⁵ Piunjuk kaula, "Nun PANGERAN, Gusti langkung uninga, mugi emut ka abdi. Tulungan abdi. Abdi hayang ngabales ka jelema-jelema anu niat nyilakakeun. Ulah disabaran eta teh ku Gusti, sangkan ulah kantos hasil maksudna maehan ka abdi. Sing

emut, abdi dugi ka dihihina kieu teh ku margi ngemban pangersa Gusti.

¹⁶Gusti maparin timbalan ka abdi, tiap kecap ku abdi diregepkeun. Nun PANGERAN, Allah Nu Maha Kawasa, diri abdi kagungan Gusti, kitu anu mawi hate abdi dieusi ku dawuhan-dawuhan Gusti teh ngaraos bingah sareng bagja.

¹⁷Abdi tara pangangguran ruang-riung senang-senang sempal guyon sareng nu sanes. Ku margi tumut kana timbalan, hirup teh mencil nyorangan, jadi purah nadahan bendu.

¹⁸Ku naon abdi teh mung sangsara bae? Ku naon raheut abdi henteu tiasa diubaran, henteu cageur-cageur? Kutan Gusti teh bade nguciwakeun ka abdi, sapertos walungan anu saat dina usum katiga?"

¹⁹PANGERAN ngawaler, "Lamun maneh hayang balik, ku Kami tangtu dibalikkeun deui, jadi deui abdi Kami. Lamun maneh teu nguar-nguar deui omong kosong, sabalikna anggur nguarkeun amanat anu eusina munel, tangtu dijadikeun deui nabi Kami. Eta jalma-jalma tangtu daratang deui ka maneh, jadi maneh teu perlu ngadatangan.

²⁰Pikeun nyanghareupan maranehna, maneh ku Kami rek dijadikeun lir kuta tembaga anu wedel. Maranehna tangtu nempuh, tapi ka maneh moal aya nu kuat

ngelehkeun. Tangtu maneh disarengan ku Kami, diraksa sangkan salamet.

²¹ Tangtu ku Kami diluputkeun tina kakawasaan jelema-jelema anu nya jarahat nya tarelenges. Kitu timbalan Kami,
PANGERAN."

16¹ PANGERAN ngadawuh deui ka kaula, dawuhana-Na,

²"Di tempat anu kieu maneh ulah kawin, ulah boga anak.

³Kami mere nyaho pikumahaeun nasibna barudak anu dijurukeun di dieu kitu deui indung bapana.

⁴Maranehna bakal paraeh ku panyakit anu kacida jahatna, tur moal aya anu nyaleungceurikan, moal aya anu nguburkeun. Bangke-bangkena bakal tingtarumpuk kawas gemuk taneuh. Paraehna ku perang atawa ku kalaparan, bangke-bangkena bakal diharakanan ku manuk jeung ku sato-sato galak.

⁵Maneh ulah ngasupan imah anu jelemana keur kasungkawaan. Ulah rek milu mangnalangsakeun saha-saha. Kami moal rek maparin deui katengtreman, moal rek mikanyaah atawa mikarunya deui.

⁶Boh nu baleunghar boh nu mariskin, bakal paraeh di ieu tanah, tapi moal aya nu ngubur, moal aya nu nalangsa. Moal aya anu nurihan maneh atawa ngagundulan maneh tandaning sungkawa.

⁷ Ka nu ditinggalkeun ku jalma kadeudeuh oge, moal aya anu daratang geusan ngariung dahar jeung nginum tandaning milu bela sungkawa. Malah ka nu ditinggalkeun paeh ku indung atawa ku bapa oge, moal aya saurang-urang acan anu milu prihatin.

⁸ Ulah asup ka imah jelema anu keur hajat. Ulah milu dahar atawa nginum.

⁹ Regepkeun ieu anu rek diandikakeun ku Kami, PANGERAN Nu Maha Kawasa, Allahna Israil. Sora-sora gumbira, sora-sora suka, ku Kami arek dibungkem, kitu deui sora-sora bagja di nu kawinan. Kaayaan kitu bakal kasaksian ku jelema-jelema anu kiwari harirup keneh di dieu.

¹⁰ Di mana ieu pangandika ku maneh geus diuarkeun ka maranehanana, tangtu maranehanana naranyakeun naon sababna Kami nangtukeun baris ngahukum maranehanana sakitu kerasna. Tangtu maranehanana naranyakeun kajahatan naon, kasalahan naon jeung dosa naon anu ku maranehna geus dipake ngalawan ka PANGERAN Allahna.

¹¹ Bejakeun kieu kituh pangandika PANGERAN: Karuhun maraneh geus murtad ti Kami tuluy nyarembah jeung ngabarakti ka allah-allah palsu. Geus nyalingkir ti Kami, teu narurut kana piwuruk Kami.

¹²Tapi maraneh mah leuwih jahat ti batan karuhun, kabeh warangkelang, daroraka, boro-boro anut ka Kami.

¹³Ku sabab kitu maraneh ku Kami rek dipeclengkeun ka hiji tanah anu tacan pisan kanyahoan boh ku maraneh, boh ku karuhun maraneh. Di ditu maraneh bakal ngawula ka allah-allah sejen, beurang peuting, sarta Kami moal rek mikawatir."

¹⁴Timbalan PANGERAN, "Engke aya mangsana jalma-jalma moal deui sumpah demi Kami Allah nu jumeneng, anu ngaluarkeun urang Israil ti tanah Mesir.

¹⁵Engke mah sumpahna teh demi Kami Allah nu jumeneng, anu ngaluarkeun urang Israil ti tanah di tatar kaler, jeung ti sakabeh nagara tempatna dipabalencarkeun. Maranehna ku Kami rek dipulangkeun ka ngrina sorangan, ka tanah anu ku Kami geus dibikeun ka karuhunna. Kitu timbalan Kami, PANGERAN."

¹⁶PANGERAN nimbalan, "Kami rek ngadatangkeun pamayang masing rea, sina newakan eta jelema-jelema. Arek ngajurung paninggaran masing rea, sina moro maranehanana ti saban gunung, ti unggal pasir jeung tina sela-sela batu cadas.

¹⁷Sagala lampahna ku Kami katingali. Moal aya nu kaalingan ti Kami; dosa-dosana moal ngiles tina paningali Kami.

¹⁸Dosa jeung kajahatanana rek dikudukeun dibayar dua tikel, lantaran geus ngarurujit

tanah Kami ku arca-arca anu teu nyawaan kawas mayit, dirurujit deui ku allah-allah anu paralsu."

¹⁹ Nun PANGERAN, mung Gusti bae anu ngaraksa sareng maparin kakiatan ka abdi, anu sok nulung ka abdi dina waktos kasesahan. Bangsa-bangsa ti satungtung bumi bakal darongkap ka Gusti bari arunjukan, "Kagaduh karuhun abdi-abdi mah taya sanes kajabi ti allah-allah anu paralsu, arca-arca anu teu aya paedahna.

²⁰ Naha tiasa manusa nyieun allah-allah keur sembaheunana sorangan? Sanes ge Allah upami tiasa dijieun mah."

²¹ "Ku sabab eta," timbalan PANGERAN, "ayeuna jeung keur salalawasna bangsa-bangsa ku Kami rek diebrehan kakawasaan jeung kakuatan Kami; sina nyaraho yen Kami teh PANGERAN."

17 ¹ PANGERAN nimbalan, "Eh urang Yuda, dosa maneh ditulis ku peso pangot, diukir di jero hate maneh ku congo inten, jeung diukir di unggal pojok altar-altar maraneh.

² Maraneh ngabarakti dina eta altar-altar jeung di unggal handapeun tangkal anu ngarunggunuk anu dipasangan lambang-lambang Dewi Asera, di saban puncak pasir,

³ jeung di gunung-gunung di luar kota. Kami rek ngersakeun harta banda jeung kakayaan

maraneh dikunjal ku musuh-musuh, tina
sabab sagala dosa anu ku maraneh dipigawe.

⁴ Maraneh kapaksa kudu ngalesotkeun tanah
pusaka ti Kami, sarta maraneh ku Kami
rek dijadikeun badega musuh di hiji tanah
anu maraneh acan nyaraho sagala rupana,
sabab amarah Kami ngagugudag lir seuneu,
muntab-muntab salawasna."

⁵ PANGERAN nimbalan, "Kami tangtu
nyumpahan ka jelema anu murtad ti Kami,
anu ngandelna ka manusa, muntang kana
kakuatan manusa anu henteu langgeng.

⁶ Jelema kitu ibarat rungkun di gurun keusik,
anu jadi di tanah gundul nu garing, dina
taneuh anu ngandung uyah, moal aya nu jadi,
dirina moal pisan manggih kagenahan.

⁷ Kami tangtu ngaberkanan ka jelema anu
muntang ka Kami.

⁸ Jelema kitu ibarat tangkal sisi susukan,
akarna nyodor ka cai, teu rempan ku
panas poe, daunna tetep seger harejo. Teu
salempang ku euweuh hujan, angger bae
buahan.

⁹ Saha nu ngarti kana hate manusa?
Pinuh ku tipu daya, taya papadana; hese
dicageurkeunana, geus kacida parnana.

¹⁰ Kami, PANGERAN, waspada kana eusining
pikiran, hate manusa ku Kami kauji. Unggal
jelema ku Kami dibales nurutkeun lampah
hirupna, satimpal jeung kalakuanana."

¹¹ Anu nyokot batu ku jalan teu jujur, ibarat kasintu nyileungleuman endog batur. Dina umur hahadena, kakayaanana baris musna, dina tungtungna mah jadi nu burung.

¹² Gedong suci urang lir ibarat tahta mulya, ngajenggleng di luhur gunung ti baheula mula.

¹³ Nun PANGERAN, Gusti teh pamuntangan Israil, sugri nu murtad ti Gusti bakal narandangan kaera. Sadayana bakal musna, sapertos ngaran nu ditulis dina lebu, lantaran naringgalkeun Gusti, nu jumeneng PANGERAN, sumber cai anu seger.

¹⁴ Cageurkeun abdi nun PANGERAN, tinangtos cageur. Salametkeun abdi, tinangtos salamet. Nya Gusti nyalira nu ku abdi dimulyakeun!

¹⁵ Sanggem jalmi-jalmi ka abdi, "Mana buktina ancaman-ancaman PANGERAN ka urang teh? Coba sina dibuktikeun ayeuna!"

¹⁶ Nanging, nun PANGERAN, abdi tara maksa ka Gusti supados maranehna ditinggang ku balahi; abdi henteu ngadoakeun supados maranehna katarajang susah. Gusti ge uninga yen kitu; Gusti nu langkung uninga kana sagala pisanggem abdi.

¹⁷ Gusti mugi ulah matak pikareuwaseun ka abdi, margi Gusti teh tempat panyalindungan abdi anu aman dina waktos aya bahaya.

¹⁸ Mugi jalmi-jalmi anu nyangsara ka abdi teh sina mareunang kaera, sawangsulna

abdi mah ulah dikitukeun, nun PANGERAN. Mugi maranehanana dipinuhan ku kasieun, sawangsulna abdi mah ulah mendak pikasieuneun. Tinggang maranehna ku balahi, sasaak dugi ka rangsak.

¹⁹PANGERAN nimbalan ka kaula, "Yermia, umumkeun ieu timbalan Kami di lawang Gapura Rahayat, paranti raja-raja Yuda kaluar asup kota; tas ti dinya maneh kudu ka gapura-gapura Yerusalem anu lianna.

²⁰Bejakeun ka raja-raja jeung ka sakabeh urang Yuda, kitu deui ka sakur anu caricing di Yerusalem, anu sok laliwat ka eta gapura-gapura, kudu darengekeun anu ku Kami rek ditimbalkeun.

²¹Bejakeun yen lamun maranehna nyaah keneh kana hirupna, ari dina poe Sabat ulah ngangkat barang naon bae; ngaliwat ka gapura-gapura Yerusalem teu meunang babawaan naon-naon,

²²atawa mawa naon bae kaluar ti imah. Cindekna dina poe Sabat mah teu meunang gawe naon-naon. Kudu diingetkeun, poe Sabat teh poe suci, sakumaha anu ku Kami geus ditimbalkeun ka karuhunna.

²³Ngan bae karuhunna henteu daraek ngadenge ka Kami, henteu daek mirosea. Sabalikna, warangkelang, ka Kami teu daraekeun nurut, teu daraekeun dipapatahan.

²⁴Bejakeun ka eta jelema-jelema, kudu nurut kituh kana sagala parentah Kami. Dina

poe Sabat teu meunang mawa momot nanaon
ari ngaliwat gapura-gapura ieu kota. Kudu
nganyahokeun yen poe Sabat teh poe suci,
sama sakali teu meunang dipake digawe.

²⁵Upama narurut, engke raja-raja jeung
para pangeran bakal arasup ngaliwat
ka gapura-gapura Yerusalem, tur jeung
kakawasaan anu sarua jeung kakawasaan
jaman karajaan Daud. Maranehna bareng
jeung rahayat Yuda jeung rahayat Yerusalem
bakal arak-arakan tarumpak kareta jeung
kuda, sarta kota Yerusalem salawasna bakal
gegek pangeusina.

²⁶Jelema-jelema ti kota-kota tanah Yuda
jeung ti desa-desa sakurilingeun Yerusalem
bakal daratang; daratangna ti wewengkon
tanah Binyamin, ti suku-suku pasir jeung
gunung-gunung, jeung ti pakidulan tanah
Yuda, bari marawa pikurbaneeun ka Bait Kami,
kurban beuleuman, kurban peuncitan, kurban
gandum jeung menyan, kitu deui kurban
panarima.

²⁷Tapi kitu soteh lamun maranehna narurut
ka Kami, jeung nganyarahokeun yen poe
Sabat teh poe suci. Dina poe eta maranehna
ari ngalaliwat ka gapura-gapura kota
Yerusalem teu meunang mawa momotan
naon-naon. Lamun teu kitu, gapura-gapura
Yerusalem tangtu ku Kami diduruk. Karaton-
karaton di Yerusalem arek dihuru, seuneuna
moal aya nu bisa mareuman."

18

¹PANGERAN nimbalan ka kaula,

²"Maneh kudu indit ka imah panjungan, Kami rek mere timbalan di dinya."

³Bral kaula indit. Ki panjungan kasampak keur barangjieun dina pamuteranana.

⁴Ana hiji wadah geus ngabangun tapi bangunna kurang bener, taneuh lempungna dibangun deui dijieg wadah naon bae.

⁵Timbalan PANGERAN ka kaula,

⁶"Lain bisa Kami oge kua-kieu ka maraneh, urang Israil, kawas eta panjungan kana taneuh lempung? Maraneh dina dampal leungeun Kami lir ibarat taneuh lempung dina dampal leungeun panjungan.

⁷Najan Kami dina hiji waktu geus ngandika rek ngarabut, ngaburak-barik, atawa ngagempur hiji bangsa atawa karajaan,

⁸tapi upama eta bangsa teh tobat, eureun tina lampahna nu jahat, eta pangandika Kami moal dilaksanakeun.

⁹Nya kitu deui hiji bangsa atawa karajaan anu geus disebut ku Kami rek dipelak atawa diadegkeun,

¹⁰tapi upama eta bangsa teu nurut ka Kami sarta migawe kagorengan, Kami moal tulus ngabuktiikeun eta pangandika.

¹¹Jadi bejakeun ayeuna ka urang Yuda jeung urang Yerusalem yen Kami keur nyieun rarancang pikeun ngalawan maranehna sarta geus sadia pikeun ngahukumna. Titah, maranehna kudu eureun tina cara hirup anu

pinuh ku dosa, kudu ngomean kalakuan jeung lampahna.

¹² Tangtu ku maranehna dijarawab kieu, Ah, keur naon tobat! Mending kieu cara ayeuna, bedegong, goreng, kuma kahayang."

¹³ PANGERAN nimbalan, "Tanyakeun ka unggal bangsa, naha geus kungsi kajadian hal nu saperti kitu? Urang Israil geus nyarieun kalakuan anu pohara parnana!"

¹⁴ Cik ari poponclot-poponclot karang di Gunung Libanon kungsi henteu katutup ku salju? Jeung walungan ti eta gunung, anu caina nyecep tiis, naha kungsi saat?

¹⁵ Tapi umat Kami mah nepi ka paroho ka Kami, ngararukus ka brahala-brahala. Maranehna geus titarajong di jalan nu disorangna, teu nuturkeun deui jalan heubeul anu bener, nu dituturkeunana teh jalan anu teu make tetenger.

¹⁶ Ieu nagri ku maranehanana geus dijieun tempat anu pikasieuneun sarta jadi bahan pamoyok. Sakur anu ngaliwat ka dinya, tingraranjug ku tetenjoanana, garogodeg mangherankeun.

¹⁷ Umat Kami rek disina paburisat hareupeun musuh-musuhna, lir kekebul katebak angin ti wetan. Ku Kami rek ditonggongan; lamun balahina geus datang, maranehna moal ditulungan."

¹⁸ Geus kitu jelema-jelema teh ngaromong kieu, "Yermia urang arah, sina cilaka! Imam

pikeun ngawulang mah loba keneh, anu palinter geusan mamatahan urang moal kurang, sarta nabi anu baris nguarkeun timbalan Allah oge salawasna aya bae. Urang kelakkeun jeung omonganana ulah didareng deui."

¹⁹ Seug kaula neneda, "Nun PANGERAN, dangukeun ieu piunjuk abdi. Oge dangukeun omongan eta musuh-musuh abdi tina hal diri abdi.

²⁰ Naha pantes kasaean dibales ku kajahatan? Maranehna parantos ngarali lombang keur ngagebruskeun abdi. Gusti emut, abdi sok ngadeuheus ka Gusti, ngabelaan maranehanana, mangnedakeun supados Gusti ulah kantos ngabudalkeun bebendu ka maranehanana.

²¹ Nanging ayeuna mah nun PANGERAN, mugi anak-anakna sina tumpes ku kalaparan, maranehanana sorangan sina tumpur ku perang. Awewe-awewe sina katinggal ku salaki sareng ku anak, nu karolot sina maraot ku panyakit, barudak ngorana sina paraeh di medan perang.

²² Rumah tanggana kalawan taya beja taya carita sina diranjah ku gorombolan; sina tinggaroak ku kasieun. Maranehanana parantos ngarali lombang keur ngagebruskeun abdi, marasang pitapak keur newak abdi.

²³ Gusti nu langkung uninga kana niat maranehanana bade ngabinasa ka abdi.

Kajahatanana ulah dihampura, dosana
ulah dipaparin ampun. Balang-balangkeun
maranehanana sina pasiksak, bendu Gusti
budalkeun."

19¹ PANGERAN nimbalan ka kaula,
miwarang kaula kudu meuli hiji kendi
taneuh; sarta timbalana-Na deui kaula
kudu mawa sawatara kokolot rahayat jeung
imam-imam anu geus rada karolot,

² tuluy kudu bareng indit jeung maranehna
ka Lebak Hinom, jalanna ngaliwatan Gapura
Beling. Di ditu kaula kudu ngumumkeun anu
bakal dipesenkeun ku Mantenna engke.

³ PANGERAN miwarang kaula ngomong kieu,
"Eh raja-raja Yuda jeung urang Yerusalem,
darengekeun ieu anu rek diandikakeun ku
Kami, PANGERAN Nu Maha Kawasa, Allahna
Israil. Ieu tanah ku Kami rek ditinggang ku
hiji balahi, nepikeun ka ngadenge bejana
wungkul ge matak katorekan.

⁴ Nu matak Kami nepi ka kitu, sabab
jelema-jelema geus naringgalkeun Kami
jeung ngarurujit ieu tanah, diparake ngurban
ka allah-allah sejen. Padahal boh maranehna,
boh karuhunna, boh raja-raja Yuda, ka eta
allah-allah teh teu nyaraho naon-naon. Jeung
ieu tempat ku maranehna geus disiram ku
getih jelema-jelema anu euweuh salahna.

⁵ Heug deui nyarieun altar-altar keur ka
Dewa Baal, paranti ngaduruk anak-anakna,

dijadikeun kurban. Padahal Kami boro-boro marentah kitu, teu mikir-mikir acan.

⁶Ku sabab eta, ka hareup mah ieu tempat teh moal deui disarebut Topet atawa Lebak Hinom; engke mah disebutna teh Lebak Pameuncitan.

⁷Sagala tarekah urang Yuda jeung urang Yerusalem, di dieu ku Kami rek disina gaplah. Maranehna sina beunang ku musuh-musuhna, sina tumpes di medan perang. Bangke-bangkena rek diparabkeun ka manuk jeung sato-sato galak.

⁸Ieu kota ku Kami arek dibasmi anggeus-anggeusan, nepi ka anu ngaliwat tingrarenjag bari hookeun.

⁹Nu araya di jero kota bakal silih hakan pada batur, malah nepi ka ngahakan anak sorangan, lantaran dikepung rekek ku musuh-musuhna anu niat rek maehan."

¹⁰Ti dinya PANGERAN nimbalan supaya kaula meupeuskeun eta kendi hareupeun jelema-jelema bawa kaula tea,

¹¹sarta kudu ngucapkeun timbalan PANGERAN Nu Maha Kawasa ka maranehna, kieu, "Ieu bangsa jeung ieu kota, ku Kami rek diremukkeun cara ieu kendi, remuk hamo bisa weuteuh deui. Anu paraeh, dikuburkeunana nya di dieu pisan, di Topet, lantaran di mana-mana geus teu aya tempat keur ngubur.

¹²Sategesna mah ieu kota jeung rahayatna ku Kami rek dijadikeun saperti Topet.

¹³Kabeh imah di Yerusalem, imah raja-raja Yuda jeung tangtu sakabeh imah anu diparake tempat ngukus ka bentang-bentang, jeung diparake nyicikeun anggur keur sasajen ka allah-allah sejen, ku Kami rek dijadikeun najis kawas Topet."

¹⁴Sanggeus nguarkeun eta timbalan PANGERAN, kaula indit ti Topet, tuluy nangtung di palataran Bait Allah, terus nguarkeun ka urang dinya,

¹⁵yen PANGERAN Nu Maha Kawasa, Allahna Israil, ngandika kieu, "Kami rek ngahukum ieu kota jeung kota-kota anu dareukeut ka dieu, ku kacilakaan-kacilakaan sakumaha anu ku Kami geus ditimbalkeun, lantaran maraneh basangkal jeung arembung nurut kana timbalan-timbalan Kami."

20¹Imam Pashur bin Imer, kapala pangawas Bait Allah, barang ngadenge yen kaula ngumumkeun hal-hal tadi,

²tuluy neunggeul ka kaula, sarta kaula terus dirante deukeut Gapura Binyamin beulah girang, di Bait Allah.

³Poe isukna waktu anjeunna muka rante, kaula ngomong kieu, "Dawuhan PANGERAN, jenengan Bapa teh sanes Pashur, nanging Si Tagiwur.

⁴Margi kieu dawuhan PANGERAN, Maneh ku Kami rek dijadikeun matak tagiwur diri

sorangan, jeung matak tagiwur babaturan, anu bakal paraeh ku pedang musuh di hareupeun maneh. Urang Yuda ku Kami rek ditalukkeun ku raja Babul, sawareh digiring ka nagri Babul jadi tawanan, sawareh deui dipaahan.

⁵Kakayaan, kamakmuran, jeung harta milik ieu nagri sina dirayah ku musuh. Malah dunyabrama raja-raja Yuda oge bakal diakut ka Babul.

⁶Eh Pashur, maneh jeung sakulawarga kabeh bakal ditangkep, tuluy dibawa ka Babul. Maneh pipaeheun di ditu, dikubur di ditu, kitu deui babaturan maneh anu ku maneh mindeng pisan dibohongan."

⁷Nun PANGERAN, abdi ngaraos katipu, reh kapungkur teh ku Gusti dibobodo. Memang Gusti langkung bedas batan abdi, tangtos bae Gusti unggul. Ayeuna abdi pada nyeungseurikeun, sadidinten pada moyokan.

⁸Saban nyanggem, abdi kedah nyoara sataker tanaga, ngagorowok, "Kakerasan! Karuksakan!" Nun PANGERAN, abdi henteu kendat pada ngahina pada nyarekan, pedah nguarkeun pangandika Gusti.

⁹Sakapeung sok kaluar ucap, "Geus, popohokeun bae PANGERAN mah, teu kudu ngomong mamawa jenengana-Na." Nanging ari nyanggem kitu, pangandika Gusti mani nereptep di jero hate, panas karasana

sapertos seuneu. Sawangsulna, ari nekad seja nyekel eta pangandika, weleh teu kiat.

¹⁰Jalmi-jalmi kakuping tingkucuwes, pokna, "Di mana-mana gawena ngan nyingsieunan! Urang kelakkeun ka nu wajib!" Malah rerencangan pisan ngadoakeun abdi cilaka. Sanggem maranehna, "Urang coba ku akal tipu, mun geus katipu urang bales."

¹¹Nanging Gusti, nun PANGERAN, Gusti nyarengan abdi, perkasa sareng kawasa. Maranehna, anu nganiaya ka abdi, bakal gagal. Maranehna bakal era salalamina, margi rarancangna moal hasil. Kahinaan maranehna bakal kaemut-emut salamina.

¹²Gusti, PANGERAN Nu Maha Kawasa, ngaji manusa kalayan adil. Gusti uninga kana eusi hate sareng pikiran. Paparin abdi ningal wawales ti Gusti ka nu ngamusuhan ka abdi, reh ieu perkawis parantos aya dina panangan Gusti.

¹³Geura maruji ka PANGERAN! Mulyakeun PANGERAN! Mantenna nulungan nu dikaniaya ku jalma-jalma anu jarahat.

¹⁴Sing kasapa poean kaula dijurukeun! Sing kapopohokeun poean indung ngowokeun kaula!

¹⁵Sing kasapa jelema anu ngabungahkeun bapa kaula, anu ka anjeunna mere beja: "Putra teh pameget!"

¹⁶Eta jalma sing sarua nasibna jeung nagri-nagri anu ku PANGERAN dibasmi

tanpa karunya. Isuk-isuk sina ngadenge
anu humaregung ku kanyeri, pasosore sina
ngadenge tangara perang;

¹⁷ bongan teu maehan kuring memeh
dijurukeun, kuring mending keneh kakubur
dina kandungan indung.

¹⁸ Keur naon kuring dijurukeun ge, ari
ditakdirkeun kudu susah, kudu nalangsa
jeung nandangan kahinaan mah?

21 ¹Raja Sidkia, nya eta raja nagara Yuda,
ngutus Pashur bin Malkia jeung Imam
Sepanya bin Maaseya, kalawan pamundut
kieu:

²"Cik pangunjukkeun ka PANGERAN,
sabab Nebukadnesar raja Babul sabaladna
keur ngepung nagara urang. Malakmandar
PANGERAN kersa midamel salah sahiji mujijat-
Na, pikeun ngundurkeun Nebukadnesar."

³Geus kitu PANGERAN nimbalan ka kaula.
Tuluy kaula nitah ka eta jalma-jalma anu
diutus,

⁴supaya maranehna unjukan ka Sidkia,
yen PANGERAN, Allah Israil, ngandika kieu,
"Eh Sidkia, balad maneh anu ngayonan
raja Babul sabaladna, ku Kami rek sina
eleh. Pakarang-pakarangna ku Kami rek
ditumpukkeun di tengah kota.

⁵Jeung Kami sorangan bakal merangan
ka maneh, ngetrukkeun sagala kakuatan,
amarah, kajengkel jeung katugenah.

⁶Anu araya di ieu nagara sakabehna ku Kami rek ditumpes; boh jelema boh sato, sina paraeh ku pagebug anu kacida hebatna.

⁷Ari maneh, kitu deui para pajabat jeung rahayat anu teu kasabet ku perang, anu teu kasabet ku kalaparan jeung teu keuna ku pagebug, ku Kami rek diselehkeun ka Raja Nebukadnesar sabalandna anu geregeteun hayang maehan ka maneh. Maneh ku Nebukadnesar bakal dipaehan. Saha bae oge ti pihak maneh ku Nebukadnesar moal aya nu dibere ampun, moal aya nu dipikarunya. Kitu timbalan Kami, PANGERAN."

⁸Geus kitu PANGERAN nimbalan ka kaula, miwarang nyarita ka rahayat, kieu, "Darengekeun! Kami, PANGERAN, rek mere piliheun ka maraneh, antara jalan pisalameteun jeung jalan pipaheun.

⁹Anu caricing bae di jero kota bakal tumpes ku perang, atawa ku kalaparan, atawa ku pagebug. Tapi sing saha anu kaluar masrahkeun maneh ka urang Babul anu ayeuna keur nempuh ieu kota, moal kungsi dipaehan, paling apesna bisa keneh hirup.

¹⁰Geus dipastikeun ku Kami, ieu kota moal salamet, tangtu ku Kami dibasmi. Rek diselehkeun ka raja Babul, sina dihuru, diratakeun jeung taneuh. Kitu timbalan Kami, PANGERAN."

¹¹ PANGERAN nimbalan ka kaula supaya nepikeun pangandika-Na ka eusi karaton raja Yuda.

¹² Kieu, "Eh turunan Daud, darengekeun ieu pangandika Kami, PANGERAN. Laksanakeun saban poe hukum nu adil. Belaan sakur nu ditipu, leupaskeun ti anu nipuna. Upama teu kitu, eta lampah maneh anu goreng teh tangtu ngagedurkeun amarah Kami lir seuneu anu moal bisa dipareuman.

¹³ Maneh, Yerusalem, maneh ngajenggleng ngaluhuran lebak-lebak, lir gunung karang ngajegir ngaluhuran padataran. Maneh mo burung diperangan ku Kami. Carek maneh moal beunang ditarajang, pertahanan maneh moal bisa didobrak.

¹⁴ Maneh ku Kami tangtu dihukum satimpal jeung kalakuan. Karaton maneh katut sagala rupa di sakurilingeunana, ku Kami bakal dihuru. Kitu timbalan Kami, PANGERAN."

22¹ (22:1-2) PANGERAN nimbalan ka kaula, miwarang ka karaton raja Yuda, turunan Daud, kudu nyaturkeun pangandika-Na ka raja, ka para ponggawana jeung ka rahayat: "Darengekeun, kieu timbalan PANGERAN.

² (22:1)

³ Kami, PANGERAN, marentah. Maraneh kudu adil, kudu bener lampah. Kudu nangtayungan ka nu jadi korban panipuan, leupaskeun ti nu nipuna. Ulah teungteuingeun, ulah

sawenang-wenang ka jalma asing, nya kitu deui ka yatim pahatu jeung ka randa. Jeung ulah sok ngahukum pati ka jelema anu teu salah di ieu tempat anu suci.

⁴ Lamun maraneh enya-enya ngalampahkeun sagala parentah anu ditimballeun ku Kami, tangtu turunan Daud bisa tumuluy jaradi raja. Maranehanana katut para ponggawa jeung rahayatna bakal arasup ngaliwat gapura-gapura ieu karaton, tarumpak kareta jeung kuda.

⁵ Tapi lamun maraneh teu narurut kana parentah Kami, Kami sumpah, ieu karaton geus tangtu ku Kami diburak-barik. Kitu timbalan Kami, PANGERAN.

⁶ Pikeun Kami, karaton Yuda teh sarua alusna jeung tanah Gilad kitu deui jeung pagunungan Libanon. Tapi ku Kami tangtu dijadikeun tempat anu suwung, moal aya nu nyicingan.

⁷ Kami rek ngirim jelema-jelema anu bakal ngaruksak, kabeh sina marawa kampak, sina ngarubuhkeun pilar-pilar anu aralus, anu dijieunna tina kayu kiputri, tuluy sina diduruk.

⁸ Geus kitu, bakal loba jalma-jalma bangsa sejen ngalaliwat ka dinya bari silih tanya pada batur: Ku naon ieu kota sakieu gedena ku PANGERAN dibasmi nepi ka kieu?

⁹ Jawab ti maranehna nya eta, lantaran maraneh geus ingkar tina jangji ka Kami,

Allah maraneh, jeung terus ngabarakti ka
allah-allah sejen."

¹⁰Eh urang Yuda, Raja Yosia teu kudu
diceungceurikan, maotna teu kudu dipake
prihatin. Anggur nyeungceurikan Yoahas,
anakna, anu geus dibuang, moal bisa mulang
deui, moal nenjo-nenjo deui nagri sorangan.

¹¹Sabab kieu timbalan PANGERAN ngeunaan
Yoahas bin Yosia, anu ngaganti bapana jadi
raja Yuda, "Manehna geus euweuh ti dieu,
moal mulang deui.

¹²Geus dibawa ka hiji nagara, bakal paeh di
ditu, moal nenjo-nenjo deui ieu tanah."

¹³Cilaka eta jelema, anu nyieun gedong ku
jalan licik, ngagedean gedongna ku jalan teu
jujur, jeung ngagawekeun bangsana ku jalan
percumah, teu make buruhan.

¹⁴Cilaka eta jelema anu ngomong kieu,
"Aing rek nyieun gedong masing gede, make
loteng-loteng sing lalega." Seug gedongna
dijandelaan, papanna kayu kiputri, geus kitu
dipulas beureum.

¹⁵Naha pangrasa teh maneh pijadieun raja
leuwih bener, pedah nyieun gedong tina kayu
kiputri, leuwih alus ti nu batur? Bapa maneh
hirupna jamuga. Bapa maneh salawasna
bener jeung jujur, sagala pagaweanana
matak nyenangkeun.

¹⁶Ka nu mariskin, bener nguruskeunana. Ku
manehna mah sagala perkara alus jadina.
Lampah kitu, ngaranna wawuh ka PANGERAN.

¹⁷ Ari maneh ngan nyiar piuntungeun sorangan; jalma teu salah ku maneh mah dipaehan, rahayat sangsara, dikaniaya. Kitu timbalan PANGERAN.

¹⁸ Ayeuna, kieu timbalan PANGERAN ngeunaan Yoyakim bin Yosia, raja Yuda, "Paehna, moal aya jalma nu nalangsa, moal aya nu nyebut, Karunya teuing, Ki Sobat nepi ka kitu! Moal aya anu ceurik, moal aya anu nyambat-nyambat, Duh Gusti, duh Sang Raja!

¹⁹ Dikuburna teu beda ti ngubur kalde, mayitna digusur, seug dialungkeun ka luareun gapura Yerusalem."

²⁰ Eh urang Yerusalem, los ka ditu, ka Libanon, ngadon jejeritan, bral ka tanah Basan, ngadon midangdam, geura aluk-alukan di pagunungan Moab, sabab anu ngabarantu ka maraneh, kabeh geus areleh.

²¹ Basa maraneh keur jaya keneh, ku PANGERAN geus dielingan, tapi maraneh teu ngagarugu. Da nya kitu kalakuan maraneh mah, saumur-umur teu narurut ka PANGERAN.

²² Para pamingpin maraneh bakal paburisat lir katebak angin, anu ngabarantu ka maraneh jaradi tawanan perang, nagara maraneh jadi hinakeuneun, matak era, akibat sagala kadorakaan maraneh.

²³ Maraneh ngarasa reugreug dumeh tempat cicing dijieuun tina kayu kiputri, anu asalna

ti Libanon, tapi engke bakal karasa kumaha nyerina, ana geus katarajang ku kanyeri, moal beda nyerina ti awewe anu ngajuru.

²⁴ PANGERAN nimbalan ka Raja Yoyakin, putra Raja Yoyakim, raja Yuda, "Demi Kami teh Allah anu jumeneng, najan maneh teh upamana jadi cingcin cap dina jarji Kami, ku Kami mo burung dicabut.

²⁵ Tuluy diselehkeun ka jelema-jelema anu dipikasieun ku maneh, anu hayang ngala nyawa maneh. Maneh ku Kami rek diselehkeun ka Raja Nebukadnesar, raja Babul sabalad-baladna.

²⁶ Maneh, kitu deui indung maneh, ku Kami rek dialungkeun ka pangbuangan, ka hiji tempat anu lain tempat lahir maneh, lain tempat lahir indung maneh. Maneh jeung indung maneh bakal paraeh di ditu.

²⁷ Geus tangtu maneh kangen ka nagri sorangan, tapi pamohalan bisa mulang deui."

²⁸ Kaula, Yermia, ngomong, "Duh, kutan Raja Yoyakin teh mani geus dianggap gentong peupeus, dipiceun, geus euweuh anu hayang make? Jadi ku sabab kitu, anjeunna jeung para putrana teh nepi ka kudu dibawa ka pangboyongan, ka nagri anu aranjeunna can aruninga?"

²⁹ Duh lemah cai, lemah cai!

³⁰ (22-29b) Dengekeun, kieu timbalan PANGERAN, "Ieu jalma geus dicatet, yen anak-anakna kabeh bakal euweuh, yen

manehna pijadieun jalma gagal cita-citana,
 moal boga turunan nu baris marentah
 nagri Yuda, moal aya nu bakal neruskeun
 kalungguhan Daud. Kitu timbalan Kami,
PANGERAN."

23 ¹Cilaka raja-raja anu ngaruksak jeung
 ngacak-ngacak umat PANGERAN! Ku
 Mantenna tangtu dihukum!

²Sabab kieu timbalan PANGERAN, Allahna
 Israil, perkara eta para pangereh anu
 kuduna ngurus ka umat Mantenna, "Umat
 Kami ku maraneh henteu diurus, malah
 dipabalencarkeun, jeung disina arindit.
 Kajahatan maraneh ayeuna ku Kami rek
 dibales.

³Sesa-sesa umat Kami rek dikumpulkeun ti
 nagri-nagri tempatna pabalencar, rek dibawa
 mulang ka lemah caina, sina baranahan nepi
 ka kacida lobana.

⁴Kami rek ngangkat pangereh-pangereh
 pikeun ngurus maranehna. Umat Kami moal
 sina nyorang deui kasieun atawa karisi, sarta
 maranehna saurang ge moal aya anu leungit.
 Kitu timbalan Kami, PANGERAN."

⁵PANGERAN ngandika, "Geus tereh waktu
 Kami milih jelema anu berbudi ti turunan
 Daud keur pirajaeun. Ngarajaanana bakal
 bijaksana, marentahna bakal jujur jeung adil
 di sakuliah nagara.

⁶Lamun geus dirajaan ku eta, urang
 Yuda bakal bagja, urang Israil ge garenah

hirupna. Eta raja bakal disarebut PANGERAN Kasalametan urang."

⁷ "Geus tereh waktuna," timbalan PANGERAN, "jalma-jalma ana sumpah moal make deui ucapan demi Kami Allah anu jumeneng, anu nuyun urang Israil ti tanah Mesir.

⁸ Ucapan sumpahna teh demi Kami, Allah anu jumeneng, anu nyandak urang Israil ti nagri tatar kaler jeung ti nagri-nagri sejenna, urut maranehna dipabalencarkeun ku Kami. Maranehna bakal tetep maratuh di tanahna sorangan."

⁹ Hate asa remuk, awak ngalaleper. Nya ku sabab PANGERAN, ku sabab sabda-sabda-Na nu suci, kaula jadi kawas jalma mabok, kawas anu kalobaan nginum anggur.

¹⁰ Ieu nagri pinuh ku jelema anu teu satia ka PANGERAN; jalma-jalma jarahat, sakawenang-wenang, pedah kawasa. Ieu tanah teh prihatin, sampalan-sampalanana gararing, sabab nanggung panyapa PANGERAN.

¹¹ Kieu timbalan PANGERAN, "Nabi-nabi doraka, imam-imam doraka, ku Kami katohyan marigawe dosa, tur di jero Bait Allah pisan.

¹² Jalan anu ditaluturkeunana bakal leueur, bakal poek, maranehna rek sina titarajong, sina lalabuh. Rek ditarajang ku balahi.

Wawalesna geus tereh. Kitu timbalan Kami,
PANGERAN.

¹³Nabi-nabi di Samaria katenjo marigawe
dosa, ngawarejang ku ngaran Dewa Baal,
jeung nyasabkeun umat Kami.

¹⁴Tapi nabi-nabi di Yerusalem, dorakana
leuwih ti kitu, jarinah jeung galedé bohong. Ka
nu migawe kagorengan, kalah ka ngahatean,
nepi ka taya saurang-urang acan jalma anu
tobat tina dosana. Kadorakaanana ku Kami
disaruakeun jeung urang Sadumu jeung
Gomora.

¹⁵Ku sabab kitu, perkara nabi-nabi di
Yerusalem kieu timbalan Kami, PANGERAN Nu
Maha Kawasa: Eta nabi-nabi rek diparaban
bratawali, jeung diinuman racun, sabab di
sakuliah nagri maranehna geus nyebankeun
kadorakaan."

¹⁶PANGERAN Nu Maha Kawasa nimbalan
ka urang Yerusalem, "Maraneh ulah rek
ngadenge kana piwejang eta nabi-nabi.
Piwejangna mah garenah, tapi palsu. Anu
diwejangkeunana teh hasil rekaanana
sorangan, lain pangandika Kami.

¹⁷Nu arembungeun ngadenge timbalan
Kami, henteu weleh-weleh diwejang
pisalameteun. Nu barasangkal diwejang yen
moal manggih balahi."

¹⁸Kaula ngomong, "Saenyana eta anu
ngarakukeun nabi teh teu saurang-urang
acan anu nyaho kana rusiah manah

PANGERAN. Teu saurang-urang acan anu kungsi ngadenge atawa ngaharti atawa ngaregepkeun pangandika-Na.

¹⁹ Maranehna bakal disamber ku angin ribut bendu PANGERAN.

²⁰ Bendu-Na moal waka eureun sapanjang sagala pangersa-Na acan kabeh dibuktikeun. Umat Mantenna kakara bakal ngaharti kana hal eta di jaman ahir."

²¹ Kieu timbalan PANGERAN, "Eta jalma-jalma ku Kami henteu diutus, tapi bet jaradi nabi. Kami teu mere timbalan naon-naon ka maranehna, tapi ana maranehna wewejang sok mamawa ngaran Kami.

²² Ari enya mah nyarahoewun kana rusiah manah Kami, atuh anu kudu ditepikeun teh geus tangtu timbalan Kami, sangkan umat Kami tarobat tina dosana, areureun tina lampahna nu jahat.

²³ Kami teh Allah, aya di mana-mana, lain di satempat bae.

²⁴ Moal aya anu nyamuni henteu katingali ku Kami. Na teu nyaraho yen Kami aya di mana-mana, di sawarga, di bumi?

²⁵ Kami uninga naon anu diwejangkeun ku maranehna bari ngabohong mamawa jenengan Kami, jeung magarkeun Kami mere timbalan dina impianana.

²⁶ Rek nepi ka iraha eta nabi-nabi teh nyasabkeunana ka umat Kami,

ngawejangkeun bohong ciptaanana sorangan?

²⁷ Panyangkana, eta impian maranehna teh bisa dipake nyasabkeun umat Kami, sina paroho ka Kami, tuluy nyarembah ka Dewa Baal, kawas karuhunna.

²⁸ Nabi anu meunang impian jeung tuluy nyaritakeun impianana, kudu nyebutkeun yen anu dicaritakeunana teh sakadar impian. Tapi nabi anu meunang timbalan Kami kudu nerangkeun yen anu dicaturkeunana teh estu timbalan PANGERAN. Sabab naon patalina jarami jeung gandum?

²⁹ Pangandika Kami mah ibarat seuneu, jeung ibarat baliung paranti meulah cadas.

³⁰ Kami ngamusuh ka eta nabi-nabi, anu ngaku-ngaku nyaturkeun timbalan Kami padahal nyaturkeun omongan ti pada baturna.

³¹ Kami ngamusuh ka eta nabi-nabi anu ngaku-ngaku nyaturkeun timbalan Kami padahal nyaturkeun omonganana sorangan.

³² Dengekeun Kami, PANGERAN, rek ngandika! Kami ngamusuh ka eta nabi-nabi, anu ngaku-ngaku yen anu diwejangkeunana teh meunang tina impian, padahal bohong. Impian-impian bohongna, anu dicaturkeunana bari gede omong, nyasabkeun umat Kami. Eta teh euweuh pisan gunana pikeun rahayat, tur Kami henteu ngutus nu karitu. Kitu timbalan Kami, PANGERAN."

³³ Timbalan PANGERAN ka kaula, "Yermia, upama aya umat Kami, atawa salah saurang ti eta nabi-nabi, atawa ti imam, aya nu nanya ka maneh, Aya pangandika naon ti PANGERAN? jawab kieu, Maneh ku PANGERAN rek dipiceun, sabab ngariridu ka Mantenna.

³⁴ Jeung upama aya umat Kami, atawa nabi atawa imam, anu nyebut-nyebut Kabeubeurat ti PANGERAN, ku Kami tangtu dihukum katut sakulawargana.

³⁵ Kuduna nanyakeun ka pada batur atawa ka dulur teh kieu, Kumaha waleran PANGERAN? Kumaha pangandika PANGERAN?

³⁶ Ulah nyarebut Kabeubeurat ti PANGERAN, sabab ka nu nyebut kitu, pangandika Kami bakal enya-enya jadi kabeubeurat dirina. Eta jelema-jelema teh geus ngotoran pangandika Allahna, Allah anu jumeneng, PANGERAN Nu Maha Kawasa.

³⁷ Yermia, tanyakeun ka eta nabi-nabi, Kumaha waleran PANGERAN ka aranjeun? Kumaha pangandika-Na?

³⁸ Upama pangandika Kami ku eta teu ditarurut jeung disebutkeun Kabeubeurat ti PANGERAN,

³⁹ bejakeun yen maranehna tangtu ku Kami diranggeum terus dialungkeun ka nu jauh, kitu deui ieu nagara, anu ku Kami geus dibikeun ka maranehna jeung ka karuhunna.

⁴⁰ Rek sina nanggung kaera jeung kahinaan sapapanjangna, hamo bisa kapopohokeun."

24¹ PANGERAN ka kaula nembongkeun
dua karanjang dieusi buah kondang,
diteundeun di hareupeun Bait Allah.

Harita Raja Yoyakin bin Yoyakim raja Yuda
geus ditawan ku Raja Nebukadnesar, ti
Yerusalem diboyong ka Babul, bareng jeung
pamingpin-pamingpin Yuda katut ahli-ahli
jeung tukang-tukang.

²Karanjang anu hiji, eusina buah kondang
anu harade pisan, anu asakna pangheulana;
anu hiji deui eusina garoreng pisan, nepi ka
moal beunang didahar.

³PANGERAN mariksa ka kaula, "Yermia,
naon eta nu katenjo?" Piunjuk kaula, "Buah
kondang. Anu sae, sae pisan, anu awon,
awon pisan dugi ka moal tiasa kateda."

⁴Timbalana-Na ka kaula,

⁵"Ceuk timbangan Kami, PANGERAN,
Allahna Israil, jalma-jalma anu diboyong ka
Babul teh lir eta buah kondang anu harade,
ku Kami rek diangken deui.

⁶Rek diurus jeung dipulangkeun deui ka ieu
tanah. Rek diadegkeun, moal diruksak deui.
Rek dipelak, moal dirabut.

⁷Rek sina nyongsrong ku hayangna nyaho
yen Kami teh PANGERAN. Ku sabab geus
enya-enya tarobat ka Kami, bakal jaradi deui
umat Kami, Kami Allahna.

⁸Ari Raja Sidkia, raja Yuda, jeung ahli-ahli
politikna, kitu deui sesa-sesa urang Yerusalem
anu araya keneh di ieu tanah, atawa anu

parindah ka Mesir, ku Kami, PANGERAN, disaruakeun jeung eta buah kondang anu garoreng nepi ka teu bisa didahar ku goreng-gorengna.

⁹ Rek ditinggang ku hiji balahi anu bakal nimbulkeun kasieun ka sakabeh bangsa di sadunya. Sina diparoyok, dihihina jeung digogoreng ku sakabeh jalma, sarta ngaran-ngaranna bakal diparake sasapaan di unggal tempat paburencayna.

¹⁰ Ku Kami rek sina ditarajang ku perang, ku kalaparan jeung pagebug, nepi ka moal aya nu nyesa saurang-urang acan di ieu tanah anu ku Kami geus dibikeun ka maranehna jeung ka karuhunna."

25 ¹Dina taun kaopat jaman Yoyakim bin Yosia jadi raja nagri Yuda, kaula nampa timbalan PANGERAN ngeunaan urang Yuda. (Harita Nebukadnesar kakara sataun jadi raja di nagara Babul.)

²Timbalana-Na ka kaula tea ku kaula ditepikeun ka urang Yuda jeung urang Yerusalem, kieu,

³"Geus dua puluh tilu taun kaula sok meunang timbalan ti PANGERAN, ti taun katilu belas Yosia bin Amon jadi raja nagri Yuda nepi ka poe ieu, sarta sagala timbalana-Na teu aya anu ku kaula teu ditepikeun ka aranjeun. Tapi aranjeun tara pisan malire.

⁴ Malah sakitu PANGERAN teu petot-petot ngutus abdi-abdi-Na, nya eta nabi-nabi, kitu keneh bae aranjeun tara malire.

⁵ Nabi-nabi teh ngajak sangkan aranjeun tarobat, ulah marigawe deui kadorakaan, ulah marigawe deui dosa, supaya bisa tetep renggenek di ieu tanah, anu ku PANGERAN dipaparinkeun ka aranjeun jeung ka karuhun, ngajadi tanah milik anu tetep.

⁶ Aranjeun dicaram nyembah jeung ngabakti ka allah-allah sejen, jeung ulah nyarieun pibendueun PANGERAN nyembah ka berhala bubuatan sorangan. Lamun aranjeun nurut mah ku Mantenna ge moal dihukum.

⁷ Tapi saur PANGERAN ku manten aranjeun teh arembung ngagugu ka Mantenna. Aranjeun kalah ka nyieun pibendueuna-Na ku berhala-berhala nepi ka aranjeun nandangan hukumana-Na.

⁸ Ku sabab kitu, ku sabab aranjeun arembung ngagugu ka Mantenna, kieu pangandika PANGERAN Nu Maha Kawasa:

⁹ Kami arek ngadatangkeun jalma-jalma ti tatar kaler, jeung ngadatangkeun abdi Kami, Raja Nebukadnesar ti nagri Babul. Rek dibawa ku Kami ka dieu, sina ngarurug ka Yuda sapangeusina, kitu deui ka bangsa-bangsa sakurilingeunana. Ieu bangsa jeung bangsa-bangsa tatanggana, ku Kami arek digempur, sina burak-barik sapapanjangna,

jadi hiji kajadian anu matak reuwas jeung matak sieun. Kitu timbalan Kami, PANGERAN.

¹⁰Sora surakna, sora gumbirana, sarta sora-sora kabagjaan dina pesta kawin, ku Kami rek dieuweuhkeun disina jempling. Damarna moal maranggih minyak, jeung gandumna bakal beak.

¹¹Sakuliah tanah ieu bakal ancur, matak melengek nu nenjo, bangsa-bangsa sakurilingeunana bakal tarunduk ka raja Babul, tujuh puluh taun lilana.

¹²Sanggeus kitu, nagri Babul oge jeung rajana bakal dihukum ku Kami ku lantaran dosa-dosana. Eta nagri rek dibasmi, dijadikeun ruruntuhan salalanggengna.

¹³Babul rek ditinggang ku rupa-rupa bahla, nya eta sakur bahla anu geus kacatet dina ieu kitab, anu ku Kami dipake ngancam bangsa-bangsa, sakumaha anu geus diumumkeun ku Yermia.

¹⁴Urang Babul sina ngabdi, sina tunduk ka rupa-rupa bangsa, jeung ka raja-raja perkasa, babales kalakuanaana."

¹⁵PANGERAN, Allah urang Israil, nimbalan ka kaula, "Tampanan ieu gelas anggur anu geus dieusi amarah Kami. Bawa ka sakabeh bangsa, sina diarinum, ka mana bae maneh dititahna ku Kami.

¹⁶Lamun geus ngarinum ieu, kabeh bakal sasampoyongan bari teu puguh pipikiran,

geumpeur ku perang anu ku Kami baris
dikeprak sina narajang."

¹⁷ Seug eta gelas ku kaula ditampanan ti
panangan PANGERAN, tuluy diasongkeun ka
sakabeh bangsa sina diarinum, ka mana bae
kaula dipiwarang-Na.

¹⁸ Anu kudu disina ngarinum teh Yerusalem
jeung sakabeh kota di Yuda, raja-raja
jeung para pamingpinna, sangkan ngajadi
suwung sarta katenjona matak ngenes, sarta
ngaran-ngaranna sina dijarieun sasapaan
sakumaha nu geus bukti tepi ka kiwari.

¹⁹ (25:19-26) Nu lian-lianna, anu kudu
nginum tina eta gelas teh, nya eta: raja
Mesir, jeung sakabeh bangsa asing anu
araya di Mesir; sakabeh raja anu di tanah
Us, sakabeh raja bangsa Pelisti di kota-kota
Askelon, Gasa, Ekron jeung sesa kota Asdod;
sakabeh urang Edom, Moab jeung Amon;
sakabeh raja di Tirus jeung Sidon; sakabeh
raja di nagri-nagri tanah basisir Laut Tengah;
sakabeh kota di Dedan, Tema jeung Bus;
sakabeh jelema, bangsa anu buukna dicukur
pondok; sakabeh raja Arab; sakabeh raja
kaom-kaom gurun keusik, sakabeh raja di
Simri, Elam jeung Media; sakabeh raja tatar
kaler, nu dareukeut, nu jarauh, pasusul-susul.
Unggal bangsa di sakuliah jagat kudu sina
ngarinum tina eta gelas. Anu pangpandeurina
kudu nginum teh nya eta raja Babul.

²⁰ (25:19)

21 (25: 19)

22 (25: 19)

23 (25: 19)

24 (25: 19)

25 (25: 19)

26 (25: 19)

27 Geus kitu PANGERAN nimbalan ka kaula, "Bejakeun ka eta sakabeh yen Kami, PANGERAN Nu Maha Kawasa, Allah urang Israil, marentahkeun sangkan maranehna ngarinum tina eta gelas nepi ka marabok utah-utahan, nepi ka tingjaloprak teu bisa carengkat deui, tina sabab perang anu dikeprak ku Kami sina narajang ka maranehanana.

28 Upama maranehna narolak arembung nampanan eta gelas anu diasongkeun ku maneh, arembungeun nginum, kieu kituh timbalan PANGERAN Nu Maha Kawasa: Maneh misti nginum ieu.

29 Anu ku Kami rek mimiti diruksak nya eta nagri milik Kami sorangan. Samarukna maranehna mah moal dihukum ku Kami? Tangtu, tangtu ku Kami dihukum, sabab perang ku Kami geus dikeprak sina narajang ka sakabeh bangsa di sakuliah jagat. Kitu timbalan Kami, PANGERAN Nu Maha Kawasa.

30 Ari maneh, Yermia, umumkeun sakabeh timbalan anu ku Kami geus diandikakeun. Bejakeun kieu ka maranehanana, PANGERAN bakal ngagenta tarik ti sawarga, ngageleger

ti luhur langit. Mantenna bakal ngagaur ka umat-Na, sosoak saperti jalma keur ngirik anggur. Kabeh jalma di bumi, bakal ngadenge gentra-Na,

³¹ sabab gentra-Na parat ka satungtung jagat. PANGERAN baris mariksa perkara bangsa-bangsa. Unggal jalma baris diterapan hukum, nu jarahat tan wande dipaahan. Kitu timbalan PANGERAN."

³² Timbalan PANGERAN Nu Maha Kawasa, hiji bahla jeung angin ribut anu ngahiji ti saban tungtung jagat, bakal mapay narajang ka bangsa-bangsa.

³³ Dina poe eta, bangke-bangke jalma anu dibasmi ku PANGERAN nyebar ti tungtung bumi nepi ka tungtungna deui. Moal aya anu nyeungceurikan, moal aya nu ngumpulkeun sumawonna nu ngaruang, diantep patutumpuk jadi gemuk taneuh.

³⁴ Geura tingjarerit eh para pamingpin! Geura aluk-alukan eh nu ngarangon umat Kami! Geura gegerungan bari gugulingan dina taneuh ngebul. Geus meujeuhna ayeuna maraneh dipareuncitan jeung dijagal cara domba.

³⁵ Taya petana maraneh bisa ngejat.

³⁶ (25: 36-37) Maraneh bakal sasambat tingjarerit awahing ku nalangsa, sabab ku bendu-bendu-Na PANGERAN, bangsa maraneh dibasmi, nagri maraneh anu sakitu kertana diburak-barik.

³⁷ (25: 36)

³⁸ PANGERAN geus ngantunkeun umat-Na, lir singa ninggalkeun guhana. Nagri maraneh jadi kosong urut diamuk ku perang jeung ku bendu PANGERAN anu ngentab-ngentab.

26 ¹Barang Yoyakim bin Yosia jadi raja Yuda,

²PANGERAN nimbalan ka kaula. Timbalana-Na, "Maneh kudu nangtung di buruan Bait Allah. Sagala timbalan anu geus diandikakeun ka maneh, umumkeun ka jalma-jalma anu arek sarembahyang ka dinya ti kota-kota Yuda. Sakecap ge ulah aya nu tinggaleun.

³Malakmandar maranehanana daraekeun ngadenge tuluy tarobat. Upama kitu, Kami moal tulus ninggangkeun bahla keur ngabasmi maranehna anu sakitu jarahatna."

⁴Kieu deui timbalan PANGERAN anu kudu ditepikeun ku kaula: "Kami, PANGERAN, geus mundut maraneh kudu narurut, nya eta kudu aranut kana pangajaran Kami,

⁵sarta kudu ngagarugu kana pitutur abdi-abdi Kami, nya eta nabi-nabi, anu tara towong-towong diutus ka maraneh. Tapi maraneh teu ngagarugu.

⁶Ayeuna upama tetep henteu daraek ngagugu, ieu Bait Allah ku Kami rek disaruakeun jeung Silo, sarta ngaran ieu kota bakal dijiejun sasapaan ku sakabeh bangsa di saalam dunya."

⁷ Anu ngabarandungan kaula cacatur di Bait Allah nya eta para imam, nabi-nabi, jeung jalma rea.

⁸ Barang anggeus kaula ngumumkeun sagala timbalan PANGERAN tea, maranehna tuluy nyerek ka kaula bari tingharaok, pokna, "Dipaehan maneh wani kitu peta!"

⁹ Naon eta teh mamawa jenengan PANGERAN, nyebut-nyebut ieu Bait Allah bakal dijadikeun kawas Silo, jeung ieu kota bakal dibasmi nepi ka moal aya nu nyicingan deui?" Geus kitu kaula pada ngalingkung.

¹⁰ Barang para pamingpin Yuda ngadarenge hal eta, buru-buru arindit ti karaton raja, muru ka Bait Allah, tuluy dariuk di Gapura Anyar.

¹¹ Geus kitu imam-imam jeung nabi-nabi ngaromong ka para pamingpin jeung ka jalma rea, kieu, "Ieu jalma manjing dihukum paeh, lantaran ngomongkeun picilakaeun kota urang. Bapa-bapa ngadarangu ku anjeun kumaha omonganana."

¹² Ceuk kaula, "Kaula diutus ku PANGERAN. Mantenna miwarang ngumumkeun kitu, sakumaha anu kabardungan tadi, nya eta kajadian anu bakal ninggang ka ieu Bait Allah jeung ka ieu kota.

¹³ Aranjeun kudu ngarobah tabeat jeung kalakuan, kudu narurut ka PANGERAN, Allah aranjeun. Upama kitu, Mantenna tangtu

ngarobah pangersa-Na, aranjeun moal jadi dibasmi.

¹⁴Ayeuna kaula geus aya dina leungeun aranjeun, mangga teh teuing rek dikumahakeun oge, kumaha ceuk timbangan aranjeun bae.

¹⁵Tapi mangka waspada, upama kaula nepi ka dipaahan, aranjeun katut jalma-jalma sakota ieu bakal nanggung dosa, maehan jelema anu teu salah, sabab kaula teh diutus ku PANGERAN sangkan ngelingan ka aranjeun."

¹⁶Ceuk para pamingpin, kitu deui ceuk jalma rea ka imam-imam jeung nabi-nabi, "Eta jalma teu manjing dihukum paeh, margi sasanggemna ngabantun pajenengan PANGERAN Allah urang."

¹⁷Geus kitu aya sababaraha urang kokolot, ngomong ka nu karumpul,

¹⁸"Hiji mangsa, waktu Hiskia jadi raja Yuda, Nabi Mika urang Moreset ngawejang kieu ka rahayat sakumna: Kieu timbalan PANGERAN Nu Maha Kawasa, Nagri Sion bakal diwuluku kawas tegalan, Yerusalem bakal runtuh jadi tumpukan, Bait Allah bakal jadi leuweung.

¹⁹Mika ku Raja Hiskia, kitu deui ku urang Yuda, henteu dikukumaha. Malah sabalikna, Raja Hiskia jadi mikasieun ka PANGERAN, sarta satekah polah ngalap manah Mantenna. Geuning buktina Allah kersaeun ngarobah pangersa-Na, henteu ciros ninggangkeun

bahla. Ayeuna, upama ieu jelema dihukum paeh, urang teh sasat ngabahlakeun diri sorangan."

²⁰(Harita aya hiji jelema, nya eta Uria bin Semaya ti Kiryat Yarim, ngawejang cara Yermia ngeunaan eta kota jeung bangsa, kalawan nyebut pajenengan PANGERAN.

²¹Barang kadangu bejana ku Raja Yoyakim jeung ku prajurit-prajurit, kitu deui ku para pongawa, seug raja teh milari jalan seja maehan Uria. Tapi kaburu kadenge ku Uria, seug Uria kabur ka Mesir.

²²Tapi Raja Yoyakim marentah Elnatan bin Akbor jeung sawatara jelema deui, sina ngudag Uria ka Mesir.

²³Uria kacerek tuluy dibawa ka Raja Yoyakim, seug dipaehan, mayitna dialungkeun ka tanah pakuburan cacah.)

²⁴Kaula berekah teu sakara-kara, teu kungsi nemahan pati, henteu kungsi ragrag ka jalma rea, lantaran ditulungan ku Ahikam bin Sapan.

27 ¹Henteu lila ti sanggeus Sidkia putra Yosia jadi raja di nagri Yuda, PANGERAN nimbalan ka kaula,

²miwarang supaya kaula nyieun sawed tina kulit, jeung pasanganana tina kayu, sarta kudu dipake ku kaula dina punduk.

³Geus kitu PANGERAN miwarang kaula ngirim pesen pikeun raja-raja di tanah Edom, Moab, Amon, Tirus jeung Sidon, supaya

ditalatahkeun ka duta-dutana anu keur araya di Yerusalem, natamu di Raja Sidkia.

⁴Kaula ku PANGERAN Nu Maha Kawasa, Allah Israil, dipiwarang nitah maranehna ngabejakeun ka rajana masing-masing, yen PANGERAN geus nimbalan kieu,

⁵"Ku daya pangawasa jeung kakuatan anu maha perkasa, Kami ngadegkeun alam dunya, manusa, jeung sakabeh sasatoan di sakuliah jagat. Eta kabeh ku Kami diserenkeun ka hiji jelema anu ku Kami kapilih.

⁶Bangsa maraneh kabeh ku Kami geus diserenkeun ka abdi Kami, nya eta Raja Nebukadnesar ti Babul. Malah sato-sato galak sina taraluk ka manehna.

⁷Sakabeh bangsa bakal taluk ka manehna, malah tuluy tunduk ka anakna jeung ka incuna, nepi ka cunduk waktuna bangsana sorangan tijungkel. Bangsana sorangan ahirna bakal ngawula ka bangsa-bangsa anu karuat, ka raja-raja anu perkasa.

⁸Sanajan kitu, bangsa atawa karajaan mana bae anu ayeuna embung taluk kana pamarentahanana, tangtu ku Kami diruksak ku perang, ku kalaparan jeung ku pagebug, tungtungna beak sama sakali ditumpes ku Nebukadnesar.

⁹Nu matak ulah palercaya ka nabi-nabi maraneh, atawa ka nu ngakukeun bisa norah pikahareupeun, boh ku lantaran meunang alamat tina impian, boh ku lantaran nyalukan

arwah jalma anu geus paeh, atawa ku sihir,
anu nyaram sangkan maraneh ulah taluk ka
raja Babul.

¹⁰ Bohong wungkul panorahna teh, anu bakal
ngalantarankeun maraneh diboyong batur
jauh ti lemah cai, dibuang ku Kami, temahna
tumpes pisan.

¹¹ Sabalikna, bangsa anu daek taluk jeung
ngawula ka raja Babul, ku Kami baris diidinan
tumetep di lemah caina, bisa jongjon hirup
bari ngolah tanahna. Kitu timbalan Kami,
PANGERAN."

¹² Geus kitu kaula mihatur ka Raja Sidkia
raja Yuda, sual eta keneh. Kieu: "Kedah kersa
taluk ka raja Babul, kersa ngabdi ka anjeunna
katut rahayat sadaya, supados salamet.

¹³ Naha Sang Raja kitu deui rahayat
make kudu tumpes ku perang, atanapi
ku kalaparan, atanapi ku pagebug? Kapan
timbalan PANGERAN oge bakal kitu temahna
bangsa anu embung taluk ka raja Babul teh.

¹⁴ Sang raja ulah ngadangu kana omongan
nabi-nabi, anu ngajak ulah taluk ka eta raja.
Bararohong piwejangna eta nabi-nabi teh.

¹⁵ Lahiran PANGERAN oge eta nabi-nabi teh
henteu diutus, jadi ngawejangna anu majar
ngabuntun pajenengan PANGERAN teh palsu.
Temahna tangtos ku Mantenna dibuang, boh
Sang Raja, boh nabi-nabi tukang ngawejang
bohong tea."

¹⁶Ti dinya ceuk kaula ka imam-imam jeung jalma rea, kieu timbalan PANGERAN: "Ulah palercaya ka nabi-nabi anu nujum yen paparabotan Bait Allah bakal tereh dipulangkeun ti Babul. Bohong eta teh.

¹⁷Tong dipalercaya! Mending taluk ka raja Babul, sangkan saralamet! Naha kajeun ieu kota ruksak burak-barik?

¹⁸Ari enya mah maranehna teh nabi, jeung lamun enya maranehna ngemban pangandika Kami, atuh kudu nunuhun ka Kami, PANGERAN Nu Maha Kawasa sangkan paparabotan anu ngari keneh di Bait Allah jeung di karaton raja ulah nepi ka diakut ka Babul."

¹⁹(27:19-20) (Waktu Yoyakin putra Yoyakim raja Yuda katut para pamingpin Yuda jeung para pamingpin Yerusalem ku Nebukadnesar diboyong ka Babul, barang-barang Bait Allah aya anu teu milu kabawa, nya eta pilar-pilar, tahang tambaga, padati-padati, jeung sajabana deui barang sisimpenan Bait Allah.)

²⁰(27:19)

²¹"Darengekeun ieu timbalan Kami, PANGERAN Nu Maha Kawasa, Allah urang Israil, ngeunaan barang-barang sisimpenan anu kari di Bait Kami jeung di karaton raja di Yerusalem:

²²Kabeh bakal diakut ka Babul, tetep di ditu, nepi ka Kami kersa deui malire. Geus kitu

kakara ku Kami dipulangkeun, terus disimpen di dieu. Kitu timbalan Kami, PANGERAN."

28¹ Dina taun eta, nya eta taun kaopat Sidkia jadi raja, dina bulan kalima, aya hiji nabi ti kota Gibon, nya eta Hananya bin Asur, ngajak ngomong ka kaula di Bait Allah. Ngomongna di hareupeun para imam jeung jalma rea.

²Carekna, PANGERAN Nu Maha Kawasa, Allah urang Israil, ngandika kieu, "Kami geus meunggaskeun kakawasaan raja Babul.

³Dua taun deui barang-barang Bait Kami anu ku Nebukadnesar diakut ka Babul, ku Kami rek dipulangkeun ka ieu tempat.

⁴Kitu deui Yoyakin anak Yoyakim raja Yuda, katut sakabeh urang Yuda anu diboyong ka Babul, ku Kami bakal dipulangkeun deui ka dieu. Geus pasti, kakawasaan raja Babul dipeunggaskeun ku Kami. Kitu timbalan Kami, PANGERAN."

⁵Tembal kaula, kasaksian ku para imam jeung jalma rea,

⁶"Amin! Mugi leres kitu pangersa PANGERAN! Kacida kaula ngamuga-mugana, mugi Mantenna leres ngabuktoskeun panorah saderek, mulangkeun ti Babul sagala rupi barang Bait Allah, kitu deui dulur-dulur anu kapungkur diboyong jaradi tawanan.

⁷Nanging kieu pihatur kaula ka saderek kitu deui ka sadayana.

⁸Kapungkur pisan, memeh kaula sareng memeh anjeun, nabi-nabi ngawarejangna teh kieu saurna: bangsa rea kitu deui karajaan-karajaan anu karuat, bakal katarajang ku perang, ku kalaparan, ku pagebug.

⁹Jadi upama aya nabi anu norah pisalameteun, nembe tiasa disebat nabi sajati, anu leres-leres diutus ku PANGERAN, upama panorahna tea bukti."

¹⁰Kek Hananya nyekel kana pasangan dina punduk kaula, dilaan terus dipinggeskeun,

¹¹bari pok ngomong ka jalma rea, "Timbalan PANGERAN, kieu petana Mantenna bakal minggeskeun pasangan anu diterapkeun ku Raja Nebukadnesar kana punduk sakabeh bangsa. Ku Mantenna baris dibuktikeun dua taun deui." Geus kitu kaula indit ti dinya.

¹²Henteu lila ti harita, PANGERAN nimbalan ka kaula,

¹³miwarang nepungan deui Hananya sarta kudu ngomong kieu, "Pasangan tina kai geus bisa ku maneh dipinggeskeun, tapi ku Kami rek diganti ku pasangan tina beusi.

¹⁴PANGERAN Nu Maha Kawasa, Allah urang Israil nimbalan, yen eta sakabeh bangsa bakal diterapan pasangan tina beusi, sarta kabeh sina ngawula ka Raja Nebukadnesar ti Babul. Malah sato-sato galak oge, timbalan PANGERAN, sina taraluk ka Nebukadnesar."

¹⁵Eta timbalan ku kaula diomongkeun ka Hananya, disambung kieu, "Saderek

Hananya! PANGERAN henteu ngutus anjeun. Jalma rea ku anjeun sina percaya kana bohong.

¹⁶Ku sabab eta, timbalan PANGERAN, anjeun ku Mantenna bakal disirnakeun ti dunya. Memeh tutup taun ieu, anjeun bakal maot, sabab anjeun ngajak jalma rea ngalawan ka PANGERAN."

¹⁷Bukti, dina taun eta keneh, dina bulan katujuh, Hananya maot.

29 ¹Kaula nyuratan ka dulur-dulur anu ku Nebukadnesar diakut ti Yerusalem ka Babul, nya eta imam-imam, nabi-nabi, para pamingpin rahayat, jeung nu sejen-sejenna.

²Nyuratanana sanggeus Raja Yoyakin diboyong ka Babul jeung ibuna, jeung para pajabat karaton, para pamingpin Yuda jeung Yerusalem, ahli-ahli jeung tukang-tukang.

³Ngirimkeunana dipihapekeun ka Elasa bin Sapan jeung Gemarya bin Hilkia, utusan Raja Sidkia raja Yuda ka Babul, ka Raja Nebukadnesar. Eusina:

⁴"Kieu timbalan PANGERAN Nu Maha Kawasa, Allah Israil, ka sakabeh boyongan, anu ku PANGERAN dikersakeun jaradi tawanan Nebukadnesar, diboyong ti Yerusalem ka Babul. Timbalana-Na:

⁵Maraneh kudu nyarieun imah, kudu bebetah. Kudu ngarebon, hasilna keur dahareun.

⁶Kudu karawin jeung baroga anak. Anak-anak maraneh oge kudu karawin, sina baroga anak. Kudu anak baranahan, kudu ngalobaan, ulah nepi ka mudedes.

⁷Kudu digarawe keur kamajuan kota-kota tempat maraneh ku Kami dibuang. Urang dinya pangmentakeun berkah ti Kami, sabab lamun maraneh sareng, maraneh oge marilu senang.

⁸Kami, PANGERAN, Allah Israil, ngingetan ka maraneh, ulah beunang kabobodo ku nabi-nabi anu araya di maraneh, atawa ku saha bae anu ngaku-ngaku bisa norah pikahareupeun. Ulah palercaya kana impian-impianana.

⁹Bohong wungkul panorahna teh. Najan norahna mawa jenengan Kami oge Kami mah henteu ngutus. Kitu timbalan Kami, PANGERAN.

¹⁰Kieu deui timbalan PANGERAN, Upama di Babul geus jejeg tujuh puluh taun, Kami tangtu ngalayad ka maraneh, baris ngabuktikeun jangji seja mulangkeun maraneh ka lemah cai.

¹¹Kami henteu samar kana sagala pikersaeun ka maraneh. Nya eta seja nyenangkeun, lain rek nyilakakeun. Seja mere pijamugaeun ka hareup.

¹²Geus kitu maraneh, bakal daraek ngumaha ka Kami. Maraneh tangtu daratang mawa paneda, ku Kami ge tangtu dimakbul.

¹³ Maraneh bakal nareangan Kami jeung tangtu kapanggih, sabab engke mah neanganana enya-enya terus jeung hate.

¹⁴ Tangtu Kami teh pikapanggiheun, tuluy maraneh ku Kami dipulihkeun deui, dipulangkeun ka tanah sorangan. Rek dikumpulkeun ti saban kota, ti saban daerah tempat maraneh ku Kami dipaburencaykeun, baris dipulangkeun ka tanah urut maraneh diboyong ti dinya. Kitu timbalan Kami, PANGERAN.

¹⁵ Ceuk aranjeun, di Babul teh boga nabi-nabi ti PANGERAN.

¹⁶ Regepkeun ieu timbalan PANGERAN, hal raja anu marentah di karajaan anu bareto dirajaan ku Daud, jeung hal jelema-jelema di kota eta, nya eta dulur-dulur aranjeun anu henteu milu diakut ka pangbuangan.

¹⁷ Kieu timbalan PANGERAN Nu Maha Kawasa, Maranehna ku Kami arek ditarajang ku perang, ku kalaparan, jeung ku sasalad, jeung dianggap lir buah kondang anu geus kacida barurukna, geus teu beunang didahar.

¹⁸ Ku Kami sina diudag-udag ku perang, ku kalaparan, jeung ku pagebug, nepi ka bangsa-bangsa saalam dunya sarieuneun nenjona. Di mana bae, di ungal tempat Kami ngaburencaykeun maranehna, jalma-jalma bakal karaget jeung ngarasa sieun, nenjo kajadian anu karandapan ku maranehna.

Maranehna bakal jadi pamoyokan batur,
ngaran-ngaranna bakal diparake sasapaan.

¹⁹Pangna nepi ka dikitukeun teh lantaran
teu narurut kana timbalan Kami. Sakitu
pangandika Kami tara kendat diamanatkeun
ka abdi-abdi Kami, nabi-nabi, tapi tetep teu
ditarurut.

²⁰Ari maraneh mah, anu ku Kami dibuang
ka Babul, darengekeun ieu timbalan Kami,
PANGERAN.

²¹**PANGERAN** Nu Maha Kawasa, Allah
Israil, ngandika perkara Ahab bin Kolaya
jeung Sidkia bin Maaseya, anu ka aranjeun
mere panorah palsu bari mawa pajenengan
Mantenna. Timbalana-Na: Eta dua jelema
ku Kami rek diselehkeun kana kakawasaan
Raja Nebukadnesar raja Babul, ku eta bakal
dipaehan hareupeun maraneh.

²²Ana geus kitu, upama ti maraneh anu
diboyong ti Yerusalem ka Babul aya nu
nyumpahan batur, nyumpahanana teh bakal
kieu: Muga-muga maneh ku **PANGERAN**
dijieun kawas Sidkia jeung Ahab, anu
dipanggang hirup-hirup ku raja Babul.

²³Kitu pinasibeun eta dua jelema, lantaran
pohara dorakana, nyieun dosa anu kacida
pikagirukeunana, jarinah jeung norah bohong
make pajenengan Kami. Peta maranehanana
teh ngalawan kana pangersa Kami. Kami
uninga kalakuunanana, sarta Kami anu jadi
saksina. Kitu timbalan **PANGERAN**."

²⁴ (29: 24-25) PANGERAN Nu Maha Kawasa, Allah Israil, maparin timbalan ka kaula, anu kudu ditepikeun ka Semaya urang Nehalam. Eta jelema geus ngirim surat ka nu araya di Yerusalem, ka Imam Sepanya putra Maaseya, jeung ka imam-imam sezenna. Eusina pikiranana sorangan. Kieu eusi suratna ka Sepanya:

²⁵ (29: 24)

²⁶ "Bapa ku PANGERAN parantos dijungjung jadi imam ngagentos Yoyada. Nya Bapa ayeuna nu jadi kapala di Bait Allah. Upami aya jelema burung ngaku-ngaku jadi nabi, Bapa anu wajib ngarante beuheungna ku belenggu beusi.

²⁷ Nanging, ku naon margina eta Yermia urang Anatot, ngomongan ka jalma rea kawas nabi ku Bapa diantep bae?

²⁸ Kikituanana kedah dieureunkeun, margi parantos ngomongan ka nu araya di Babul, carekna, arayana di pangbuangan teh bakal kacida lamina. Nu mawi carekna, kudu nyarieun imah, kudu bebetah, kudu ngarebon, hasilna keur dahareun."

²⁹ Eta surat dibacakeun ka kaula ku Sepanya.

³⁰ Geus kitu PANGERAN nimbalan ka kaula,

³¹ miwarang ngirimkeun timbalana-Na ka para buangan di Babul, ngeunaan Semaya. Kieu timbalana-Na, "Kami, PANGERAN, baris nyiksa ka Semaya jeung ka turunanana. Eta jelema ku Kami henteu diutus, tapi geus

ngawejang ka maraneh kawas nabi bae, nepi ka maraneh percaya kana bohongna.

³²Ku sabab eta, di tengah maraneh moal aya saurang-urang acan turunanana. Eta jelema moal bisa hirup lila-lila, moal ngalaman sagala rupa pibagjaeun anu ku Kami keur disadiakeun keur umat Kami, sabab geus ngajak umat Kami ngaralawan ka Kami. Kitu timbalan Kami, PANGERAN."

30 ¹PANGERAN, Allah Israil,
²nimbalan ka kaula, "Catetkeun sagala hal anu geus diandikakeun, jieun buku.

³Sabab geus meh cunduk kana waktu, Kami rek ngajait Israil jeung Yuda, umat Kami. Sina marulang deui ka dieu, tanah milik karuhunna ti Kami, sina kapimilik deui ku maranehna. Kitu timbalan Kami, PANGERAN."

⁴Kieu timbalan PANGERAN ka urang Israil jeung urang Yuda,

⁵"Aya sora kadangu ku Kami, sora nu geumpeur, sora nu sieun, nu taya katengtreman.

⁶Geus, geura repeh! Coba pikir, na ari lalaki osok ngajuru? Parandene katingalina ku Kami, unggal lalaki pepelengkingan nyarekelan beuteung, kawas awewe rek ngajuru bae! Ku naon unggal beungeut sararepa?

⁷Enya nyanghareupan mangsa pibahlaeun tea mah, pibahlaeun gede, taya babandinganana, anu baris nyorang ka

umat Kami, tapi umat Kami tangtu bisa luput."

⁸Timbalan PANGERAN Nu Maha Kawasa, "Lamun eta mangsa geus datang, Kami rek minggeskeun pasangan tina beuheung umat Kami, rantena diudar. Umat Kami geus teu kudu ngabdi deui ka bangsa batur.

⁹Ngabdina bakal ka Kami, PANGERAN Allahna, jeung ka hiji jelema turunan Daud, anu ku Kami rek dibere tahta, jadi raja.

¹⁰Tong sarieun, eh umat Kami! Tong reuwas-reuwas, eh urang Israil! Maraneh ku Kami tangtu dijait, rek disusul ka nu jauh, diala ti pangbuangan. Maraneh tangtu marulang ka nagri sorangan, hirup dina kabagjaan, sepi karisi karempaan.

¹¹Tangtu ku Kami diteang, disalametkeun. Ari bangsa-bangsa, tempat maraneh ku Kami dipaburencaykeun, eta geus tangtu dibasmi. Moal, maraneh mah moal dibasmi. Bener sok dihukum tea mah ku Kami, tapi Kami ngahukum teh reujeung adil. Kitu timbalan Kami, PANGERAN."

¹²Timbalan PANGERAN ka umat-Na, "Raheut maneh henteu bisa diubaran, bohak-bohakna henteu bisa ditambaan.

¹³Mana taya anu mirosea, mana kanyeri taya ubarna, raheutna samar bisa cageur.

¹⁴Kakasih-kakasih geus mopohokeun, geus teu harayangeun malire. Kami ka maneh narajang kawas ka musuh, ngahajar bengis

kacida, sabab maneh loba dosa, jarahat kabina-bina.

¹⁵ Meugeus, kanyeri teh ulah dipake rumahuh, geus taya piubareunana. Mana disiksa nepi ka kitu ge sabab maneh loba dosa, jarahat kabina-bina.

¹⁶ Tapi ayeuna, anu bareto ngalegleg, bakal dilegleg. Musuh maneh bakal dibuang. Nu bareto nganiaya, rek dikaniaya. Anu bareto ka maneh ngaranjah, bakal aya nu ngaranjah.

¹⁷ Maneh ku Kami rek dicageurkeun, raheutna urang ubaran, najan ceuk musuh, Sion geus jadi ruruntuhan, enggeus euweuh anu malire. Kitu timbalan Kami, PANGERAN."

¹⁸ Timbalan PANGERAN, "Umat Kami ku Kami rek dipulihkeun, ka lemburna dipulangkeun, unggal jelema rek dipikarunya. Yerusalem rek diadegkeun deui, karatonna diomean.

¹⁹ Eusi kotana bakal maruji sukur, sarurak saruka bungah. Ku Kami rek diberkahan, sina jembar baranahan, sina meunang kamulyaan.

²⁰ Kakawasaan eta bangsa baris pulih deui, cara baheula bihari, ngadeg deui, nanjeur deui. Anu nganiaya ka maranehna, tangtu ku Kami dihukum.

²¹ Ari pirajaeunana nya ti bangsana keneh, pamarentahna nya ti maranehna keneh. Samangsa-mangsa ku Kami diondang, eta teh tangtu datang nemonan. Sabab saha nu wani datang ka Kami, lamun ku Kami henteu diondang?

²² Maranehna bakal piumateun Kami, Kami Allahna. Kitu timbalan Kami, PANGERAN."

²³ (30: 23-24) Benduna PANGERAN lir topan, budalna lir angin ribut ngagelebug, nyamberan sirah jalma-jalma jahat. Moal waka eureun samemeh sagala pangersa-Na laksana. Hal eta kakara kaharti ku umat-Na dina mangsa nu bakal datang.

²⁴ (30: 23)

31 ¹ Timbalan PANGERAN, "Bakal cunduk waktu, Kami jadi Allah panutan sakabeh kaom Israil, Israil jadi umat Kami.

² Eta bangsa anu geus luput tina banya maot, waktu di gurun keusik ku Kami dipikawelas. Ana eta urang Israil harayang ngareureuh,

³ ti nu jauh ge Kami nembongan ka maranehna. Eh urang Israil, salawasna ge Kami nyaah ka maraneh teh, nu matak ngan deudeuh bae.

⁴ Maraneh rek dibangun deui, bakal narabeuh deui genjring, suka-suka ngarigel.

⁵ Bakal ngebon deui anggur di unggal pasir di Samaria, asal daraek melak, hasilna tangtu kapuluk.

⁶ Mansana tangtu datang, nu karemit di pasir-pasir Epraim bakal cumeluk, Hayu urang nanjak ka Sion, ngadeuheus ka PANGERAN, Allah panutan urang."

⁷ Timbalan PANGERAN, "Geura ngarawih, sing gumbira, keur Israil, bangsa anu panggedena. Nyanyikeun lagu pamujina,

PANGERAN ngajait umat-Na, nyalametkeun nu sesana.

⁸Maranehna ku Kami rek dicokot ti tanah kaler, dikumpulkeun ti unggal tungtung jagat. Nu lalolong, nu lalumpuh, moal kari, teu tinggaleun nu rareuneuh, jeung anu sabroleun ngajuru. Maranehna pijadieun deui bangsa gede.

⁹Mun ku Kami geus ditungtun diajak balik, umat Kami bakal nepi ka careurik, bari mumuntang ka Kami. Ku Kami rek ditungtun ka walungan-walungan, enggon cai, make jalan anu genah, nu moal matak titajong. Pikeun Israil, Kami teh lir bapa, Epraim teh anak Kami anu cikal."

¹⁰Timbalan PANGERAN, "Eh bangsa-bangsa, darengekeun Kami! Umumkeun timbalan Kami ka tanah-tanah basisir anu jarauh. Umat Kami anu ku Kami dipaburencaykeun, ayeuna rek dikumpulkeun, rek dijaga, lir domba dijaga ku nu ngangonna.

¹¹Urang Israil ku Kami geus dimerdekakeun, leupas tina genggeman hiji bangsa anu kuat.

¹²Bakal daratang ka Gunung Sion, ngararawih galumbira, barangah mareunang berkah, teu kurang gandum, anggur jeung minyak jetun, teu kurang ingon-ingon, domba jeung sapi. Kakayaan maranehna ibarat kebon teu kurang cai, sagala kaperluanana nyampak.

¹³ Mojang-mojangna bakal ngarigel, jaligraph, kolot, ngora, galumbira. Ku Kami rek dibeberah, sina paler kasedihna, leungit susah tinggal bungah.

¹⁴ Para imamna sina loba rejekina. Sagala pangabutuh umat Kami, ku Kami bakal dicukup. Kitu timbalan Kami, PANGERAN."

¹⁵ Timbalan PANGERAN, "Di kota Ramah aya anu jejeritan, nu ceurik aluk-alukan, henteu beunang diupahan: Rahel nyeungceurikan anak-anakna anu enggeus teu araya.

¹⁶ Geus, geura repeh, susutan cipanon. Eta pangorbanan maneh moal percumah, aya ganjaranana, tur barudak teh bakal bisa marulang deui ti tanah musuh-musuhna.

¹⁷ Jaga maneh tangtu senang, barudak tangtu marulang. Kitu timbalan Kami, PANGERAN.

¹⁸ Urang Israil ku Kami kadangu sasambat mani sesegruk, Duh Gusti, abdi-abdi lir sapi anu atah warah, lajeng ku Gusti diwulang, diajar nurut. Mugi abdi sadaya dicandak mulang, sumeja tobat ka Gusti, PANGERAN, Allah abdi sadaya.

¹⁹ Abdi-abdi parantos mungkur ti Gusti, ayeuna nyuhunkeun ditampi deui. Saparantos ku Gusti dipeperih, batu ngaheluk sareng ngaheruk, isin ku kalakuan anu hina, emut kana dosa-dosa waktos keur ngora.

²⁰ Eh Israil, maneh teh anak Kami kakasih, anak anu pangdipikanyaahna. Mun keur

nyebut ngaran maneh, pikir henteu weleh ngait, hate teu weleh cumantel. Kami seja mikawelas.

²¹ Geura pasang ciri-ciri jeung tanda-tanda jalan, panggihkeun jalan nu bareto ditinggalkeun. Geura mulang, Israil, geura mulang, geura baralik, ngeusian deui kota-kota, nu bareto ditinggalkeun.

²² Rek nepi ka iraha mundur maju bae, eh umat anu teu satia? Kami geus nyiptakeun hal anyar jeung teu lumrah, sarua teu lumrahna jeung awewe nangtayungan lalaki."

²³ PANGERAN Nu Maha Kawasa, Allah Israil, ngandika, "Upama eta bangsa ku Kami geus diadegkeun deui di lemah caina, di tanah Yuda jeung di saban kotana, jalma-jalma bakal nyarebut deui: Sing diberkahan ku PANGERAN, gunung karamat di Yerusalem, panglinggihan Mantenna nu suci.

²⁴ Tanah Yuda jeung kota-kotana bakal diareusian deui. Jalma-jalmana aya nu tani, aya nu miara ingon-ingon.

²⁵ Anu geus carape beak tanaga sina jarajag deui, anu geus langlayeuseun sina sareubeuh dahar.

²⁶ Engke mah maranehna bisa ngucap, Ah rek sare, ambeh isukna jagjag.

²⁷ Kami PANGERAN, jangji, tanah Israil jeung Yuda sina pinuh ku pangeusina, jelema jeung ingon-ingon.

²⁸ Bareto maranehna ku Kami dicabut, dirabut, dialungkeun, digempur, dibongkar, engke mah ditangtungkeun deui.

²⁹ Dina mangsa eta, moal aya nu ngucapkeun babasan: Bapa nu ngadahar buah haseum, anak nu ngarasa linu.

³⁰ Sabab, saha nu ngadahar buah ngora, nya manehna nu linu huntuna. Saha anu boga dosa, nya manehna anu keuna ku balukarna."

³¹ Timbalan PANGERAN, "Mangsa eta, Kami jeung urang Israil kitu deui jeung urang Yuda, rek ngayakeun perjangjian anyar.

³² Ieu perjangjian anyar, beda ti perjangjian heubeul, anu dijieun jeung karuhunna waktu ku Kami ditungtun kaluar ti Mesir. Jaman harita mah sakitu Kami jeung maranehna teh lir salaki jeung pamajikan, eta perjangjian teu ditarurut.

³³ Perjangjian nu anyar mah bakal kieu: Hukum Kami baris dipatri dina sanubarina, ditulis dina hatena. Kami nu jadi Allahna, maranehna nu jadi umatna.

³⁴ Jadi engke mah maranehna geus teu perlu silih papatahan nganyahokeun ka PANGERAN, sabab saban jalma, ti nu leutik nepi ka nu gede, tangtu dihampura dosa-dosana, kadorakaanana moal diinget-inget deui ku Kami. Kitu timbalan Kami, PANGERAN."

³⁵ PANGERAN ngayakeun panonpoe, pikeun nyaangan ti beurang, ngayakeun bulan jeung bentang-bentang, pikeun nyaangan

ti peuting. Mantenna anu ngaduk-ngaduk laut, sina jumegur gumuruh. Ari jenengan Mantenna: PANGERAN Nu Maha Kawasa.

³⁶Tah eta, Mantenna, ngajangji kieu: Sapanjang ngadeg keneh tata alam, tetep Israil ngajadi bangsa.

³⁷Lamun sakubeng langit geus bisa kaungsi, lamun dasar-dasar jagat geus bisa dijajah, kakara Mantenna tega miceun bangsa Israil, lantaran dosa-dosana. Kitu timbalan PANGERAN.

³⁸"Waktuna geus tangtu cunduk," timbalan PANGERAN, "Yerusalem baris diadegkeun deui jadi kota tempat Kami, ti Munara Hananel di beulah kulon, nepi ka Gapura Juru.

³⁹Ari wawatesanana baris terus nyambung ti dinya, ti beulah kulon kebat ka pasir Gareb, terus ngurilingan Goa.

⁴⁰Ari lebakna sakurilingna, tempat paranti nguburkeun anu paraeh jeung dijadikeun pamiceunan runtah, kitu deui tegalan-tegalan tonggoheun Walungan Kidron, terus nepi ka Gapura Kuda beulah wetan, rek dijadikeun tempat karamat Kami. Eta kota moal aya deui anu bakal ngaruksak sumawonna nu ngaburak-barik."

32¹Dina taun kasapuluh Sidkia jumeneng raja Yuda, meneran taun kadalapan belas Nebukadnesar jumeneng raja di Babul, PANGERAN nimbalan ka kaula.

²Harita balad raja Babul keur ngagempur Yerusalem. Ari kaula harita teh keur dikerem di jero tutupan di buruan karaton raja,

³keur dipanjara ku Raja Sidkia. Anjeunna teu raoseun manah, pedah kaula nepikeun pangandika PANGERAN anu kieu, "Ieu nagara ku Kami rek diselehkeun ka raja Babul.

⁴Ari Raja Sidkia moal bisa lolos, bakal beunang ku raja Babul, sina paadu beungeut jeung eta raja, sina palemek adu hareupan.

⁵Sidkia bakal dibawa ka Babul, rek diantep sina di ditu nepi ka diteang ku Kami. Najan upama manehna ngalawan ge ka urang Babul, moal hasil. Kitu timbalan Kami, PANGERAN."

⁶(32: 6-7) PANGERAN nimbalan yen rek aya nu datang ka kaula, nya eta Hanamel, anak paman Salum, rek nawarkeun lahanna anu di Anatot, di wilayah tanah Binyamin, dumeh kaula barayana nu pangdeukeutna, jeung boga hak meuli eta lahan.

⁷(32: 6)

⁸Nyata sakumaha timbalan PANGERAN, Hanamel nepungan kaula di buruan karaton, nawarkeun lahanna. Geus kitu mah kaula yakin, yen enya PANGERAN ngandika kitu.

⁹Seug lahan teh dibeuli ti Hanamel, duitna ditimbang. Hargana teh tujuh belas gebleg perak.

¹⁰Surat jual-beulina ku kaula ditanda, kalawan make saksi-saksi, tuluy duitna ditimbang dina timbangan.

¹¹ Surat jual-beulina tea duanana dicekel ku kaula, boh anu disegel, anu dieusi katangtuan jeung sarat-sarat, boh salinanana anu teu make segel.

¹² Duanana ku kaula diserenkeun ka Baruk bin Neria, incuna Mahseya. Diserenkeunana kasaksian ku Hanamel jeung ku saksi-saksi anu marilu nanda dina eta surat jual-beulina, kitu deui ku nu sejen nu araya di dinya.

¹³ Geus kitu kaula ngomong ka Baruk, hareupeun maranehna,

¹⁴ "Timbalan PANGERAN Nu Maha Kawasa, Allah Israil, urus ku anjeun ieu surat-surat teh, anu disegel jeung salinanana anu teu disegel, simpen dina goci supaya tahan taunan.

¹⁵ PANGERAN Nu Maha Kawasa, Allah Israil, geus ngandika yen imah-imah, lahan-lahan jeung kebon-kebon anggur di ieu tanah, bakal dibareulian deui."

¹⁶ Sanggeus masrahkeun eta surat jual-beuli ka Baruk, kaula tuluy neneda,

¹⁷ "Nun PANGERAN Nu Maha Agung, Gusti ngadamel bumi sareng langit ku pangawasa sareng kakiatan tanpa tanding; kanggo Gusti mah teu aya perkawis anu bangga.

¹⁸ Gusti tara kendat nganyatakeun welas asih ka mangrebu-rebu jalma. Sawangsulna ngahukum jalma-jalma ku margi dosa kolot-kolotna. Gusti teh Allah nu agung sareng perkasa, PANGERAN Nu Maha Kawasa.

¹⁹ Bijaksana nya tarekah, araheng nya dadamelan. Maha uninga kana laku lampah manusa, ngaganjar jalmi satimpal sareng lampahna.

²⁰ Baheula, di Mesir, Gusti ngadamel rupi-rupi mujijat, rupi-rupi kaahengan, malah dugi ka ayeuna pisan, boh di Israil, boh di bangsa-bangsa sanes, dugi ka jenengan Gusti kamashur di mana-mendi.

²¹ Eta mujijat-mujijat sareng kaahengan-kaahengan, anu dipikagimir ku musuh, ku Gusti dianggo nganyatakeun pangawasa sareng kakiatan, kanggo ngaluarkeun umat Gusti, Israil, ti Mesir.

²² Eta umat ku Gusti dipaparin ieu tanah anu makmur sareng subur, luyu sareng jangji Gusti ka karuhunna.

²³ Nanging saparantos maranehna darongkap sareng ngamilik ieu tanah, ka Gusti henteu narurut, hirupna nyimpang tina piwulang Gusti. Parentah sareng papakon ti Gusti teu dilampahkeun. Kitu nu mawi ku Gusti sina nandangan rupi-rupi kacilakaan.

²⁴ Ieu kota parantos dilingkung ku tanggul-tanggul, dikepung ku urang Babul, bade direbut. Maranehna parantos ngambreg. Ieu kota nuju diambreg ku perang, ku kalaparan, sareng ku panyakit, tangtos ku musuh bakal karebut. Saleresna pisan, sagala timbalan Gusti parantos ngajadi.

²⁵ Parandene, nun PANGERAN Nu Maha Agung, dina kaayaan ieu kota parantos tangtos karebut ku urang Babul, Gusti bet miwarang abdi meser lahan, tur nganggo saksi sagala."

²⁶ Ti dinya PANGERAN ngawaler,

²⁷ "Kami teh PANGERAN, Allah sakabeh manusa. Pikeun Kami taya perkara nu bangga.

²⁸ Ieu kota memang ku Kami rek diselehkeun ka Raja Nebukadnesar jeung baladna, ku eta bakal direbut.

²⁹ Terus disundut ku seuneu, dihuru nepi ka rata jeung taneuh, kitu deui imah-imah anu ngahudang amarah Kami, anu loteng-lotengna diparake ngukus ka Dewa Baal, jeung diparake nyaricikeun anggur, sasajen ka allah-allah sejen.

³⁰ Geus ti mimiti keneh, ti barang aya sajarahna, kalakuan urang Israil jeung urang Yuda teh matak pikaijideun Kami, matak ngahudang amarah bae.

³¹ Ti barang ieu kota ngadeg, jelema-jelemana mutuh matak kesel hate, matak jengkel bae. Mana ku Kami dipastikeun rek diruksak,

³² lantaran nya urang Yuda, nya urang Yerusalem, katut raja-rajana, para pamingpinna, para imamna jeung nabi-nabina, geus kabina-bina dosana.

³³ Geus naronggongan ka Kami. Dileukeunan diwurukan ge weleh henteu ngadarenge, piwuruk Kami teu diparake.

³⁴ Malah-malah nepi ka nareundeun arca-arca brahala pikajideun di Bait Kami. Gedong paranti ngabakti ka Kami teh dirurujit.

³⁵ Jaba ti kitu, nyarieun altar di Lebak Hinom jeung nyarembah Dewa Baal, diparake ngaduruk anak-anakna awewe lalaki, dikurban-kurbankeun ka Dewa Molok. Padahal Kami mah ulah-bon nepi ka marentahkeun kitu, teu asup-asup acan kana pikiran ngudukeun kitu ka maranehna, atawa nitah Yuda nyieun dosa."

³⁶ PANGERAN, Allah Israil nimbalan, "Yermia, ayeuna ceuk jalma-jalma, ieu kota geus tangtu karebut ku raja Babul, lantaran diambreg ku perang, ku kalaparan, jeung ku panyakit. Ayeuna regepkeun, Kami arek nimbalan.

³⁷ Jalma-jalma anu bareto waktu Kami keur jengkel dipabalencarkeun, ku Kami rek dikumpulkeun ti saban nagri tempat pabalencarna, rek dibawa mulang deui ka ieu tempat, sina jarongjon hirupna.

³⁸ Sina jaradi umat Kami, Kami Allahna.

³⁹ Rek sina saniat, sahate dina hirupna, nya eta: Hormat ka Kami saumur-umur, sangkan jamuga dirina, jamuga anak-anakna.

⁴⁰ Kami rek ngayakeun hiji perjangjian jeung maranehna anu umurna langgeng.

Maranehna moal pegat-pegat disenangkeun,
jeung sina sarieun ku Kami kalawan hate
gembeleng, sina ulah nyalingkir deui ti Kami.

⁴¹ Kami suka nyenangkeun ka maranehna,
sina tetep-tumetep di ieu tanah.

⁴² Lamun Kami bareto ka ieu bangsa
mere balahi, ayeuna arek mere rupa-rupa
kabagjaan, sakumaha jangji Kami tea.

⁴³ Ayeuna ceuk maranehna ieu tanah
tangtu jadi kawas tegal suwung, sepi taya
pangeusina, taya jalma taya sato, tuluy
dijabel ku urang Babul. Saenyana lahan-lahan
di ieu tanah kabeh oge bakal dibeuli deui.

⁴⁴ Dibareulian ku rahayat make surat
jual-beuli anu disegel, ditanda lengkep jeung
saksi-saksi, nya eta lahan-lahan di wilayah
tanah Binyamin, di desa-desa sakurilingeun
Yerusalem, di kota-kota tanah Yuda, di
kota-kota pagunungan, di suku-suku gunung,
jeung di pakidulan tanah Yuda. Jalma-jalma
teh ku Kami rek dipulangkeun deui ka ieu
tanah lemah caina. Kitu timbalan Kami,
PANGERAN."

33 ¹Sabot ditutup keneh di jero panjara
buruan karaton, kaula meunang deui
timbalan ti PANGERAN.

²PANGERAN, anu ngadamel bumi, anu
ngawujudkeun jeung ngadegkeunana,
nimbalan ka kaula. Mantenna, PANGERAN,
nimbalan kieu,

³"Sambat Kami, tangtu Kami ngawalon.
Maneh rek dibere nyaho perkara-perkara anu
ajaib, anu araheng, anu tangtu maneh mah
acan nyaho.

⁴Kami, PANGERAN, Allah Israil, mere nyaho
yen imah-imah di Yerusalem jeung karaton
raja di Yuda bakal dibongkaran pikeun
nguanan pertahanan tina kepungan jeung
panarajang musuh.

⁵Sawareh bakal barijil ngayonan urang
Babul, tapi cumah. Urang Babul malah
bakal ngeusian imah-imah di ieu kota ku
mayit jalma-jalma anu ku Kami memang
rek dibasmi, bawaning Kami ambek jeung
napsu. Kami geus teu hayang nenjo ieu kota,
lantaran kalakuan jalma-jalmana jarahat.

⁶Tapi sanajan kitu ge ieu kota katut
rahayatna tangtu bakal dipulihkeun sina
menyat deui, sina talengtrem hirupna,
jongjon ngahenang-ngahening.

⁷Yuda jeung Israil sina makmur, baris
dibangun deui ku Kami, sina pulih saasalna.

⁸Dirina sina bararesih, suci tina dosa urut
ngalawan ka Kami. Dosa-dosana jeung
kalakuanana ngabarontak ka Kami rek
dihampura.

⁹Yerusalem rek dijadikeun sumber
kabagjaan, sumber kamulyaan jeung
sumber kamashuran Kami. Unggal bangsa di
dunya, asal ngadenge beja yen Kami melak
rupa-rupa kahadean keur urang Yerusalem

sarta ngamakmurkeun ieu nagara, bakal tingdaregdeg pinuh ku kasieun."

¹⁰Timbalan PANGERAN, "Ceuk jalma-jalma, ieu tempat jeg tegalan anu suwung, euweuh eusina, teu jalma teu sato. Memang, kota-kota tanah Yuda jeung jalan-jalan Yerusalem kosong molongpong taya eusina, teu jalma teu sato.

¹¹Tapi eta tempat-tempat teh bakal haneuteun deui, rame ku sora kasukaan jeung kagumbiraan sarta sora kabagjaan pesta kawin. Maneh bakal ngadenge jalma-jalma nyaranyi waktu marawa kurban sukur ka Bait Kami, pokna, Puji sukur hatur nuhun kana kasaean PANGERAN Nu Maha Kawasa, anu langgeng mikaasih. Ieu tanah ku Kami rek dimakmurkeun sakumaha asalna deui. Kitu timbalan Kami, PANGERAN."

¹²PANGERAN Nu Maha Kawasa nimbalan, "Ieu tanah, anu ayeuna mah bleg tegalan suwung euweuh naon-naonna, teu jalma teu sato, bakal pinuh deui ku sampalan-sampalan paranti ngencarkeun domba.

¹³Di kota-kota pagunungan, di kota-kota suku gunung, di pakidulan tanah Yuda, di tanah bilangan Binyamin, di desa-desa sakurilingeun Yerusalem, jeung di kota-kota satanah Yuda, pangangon-pangangon bakal marilang deui domba, ingon-ingon akuanana. Kitu timbalan Kami, PANGERAN."

¹⁴Timbalan PANGERAN, "Tangtu cunduk kana waktu, Kami ngabuktikeun jangji ka urang Israil jeung urang Yuda.

¹⁵Harita Kami baris ngangkat hiji jalma anu ibadah, turunan Daud, dijenengkeun Raja. Ngarajaanana di sakuliah ieu tanah, bakal ngajalankeun anu sabernera, luyu sakumaha kuduna.

¹⁶Urang Yuda jeung urang Yerusalem bakal disalametkeun, hirup dina kasenangan. Ari pingaraneun kotana: PANGERAN Kasalametan Urang.

¹⁷Kami PANGERAN, jangji: ti turunan Daud salawasna aya nu bakal jadi raja di Israil,

¹⁸ari ti kaom Lewi salawasna bakal aya nu jaradi imam, anu bakal ngalalayanan Kami, ngurus kurban-kurban beuleuman, kurban-kurban gandum, jeung kurban-kurban peuncitan."

¹⁹Timbalan PANGERAN ka sim kuring,

²⁰"Kami geus nyieun hiji perjangjian pikeun nangtukeun beurang jeung peuting, sangkan boh beurang boh peuting daratangna cocog dina waktu giliranana, supaya eta perjangjian ulah nepi ka teu ditetepan.

²¹Sarua keneh maksudna jeung eta, Kami geus nyieun hiji perjangjian pikeun abdi Kami Daud, yen ti turunanana salawasna bakal aya saurang anu jadi raja. Kitu deui ka kaom Lewi, Kami nyieun perjangjian yen nu bakal

jaradi imam purah ngabakti ka Kami teh ti kaomna. Eta perjangjian moal pegat.

²²Turunan abdi Kami, Daud, jeung turunan imam-imam kaom Lewi, rek sina loba kabina-bina, ibarat bentang-bentang di langit atawa keusik di basisir, pamohalan bisa kaitung."

²³Timbalan PANGERAN ka kaula,

²⁴"Maneh terang kumaha omong jalma-jalma hal Israil jeung Yuda? Ceuk maranehna, eta dua sadulur teh geus ditoker ku Kami. Eta umat Kami ku maranehna kacida direndahkeunana, geus teu dianggap bangsa.

²⁵Tapi Kami, PANGERAN, geus nyieun hiji perjangjian ngeunaan beurang jeung peuting, jeung hukum-hukum anu ngatur bumi jeung langit.

²⁶Sakumaha pastina eta perjangjian Kami, nya kitu pisan Kami baris miara perjangjian ngeunaan anak incu Yakub jeung anak incu abdi Kami, Daud. Kami rek ngangkat hiji turunan Daud, anu bakal ngatur turunan Ibrahim, turunan Ishak, jeung turunan Yakub. Kami seja mikawelas deui ka umat Kami, sina mukti sarenang deui."

34¹PANGERAN nimbalan ka kaula. Harita Yerusalem jeung kota-kotana anu dareukeut keur ditempuh ku Raja Nebukadnesar jeung baladna ti Babul, dibantu ku pasukan-pasukan bangsa-bangsa jeung seler-seler bangsa patalukanana.

²PANGERAN, Allah Israil, miwarang kaula ka Raja Sidkia raja Yuda, ngunjukkeun pangandika-Na, kieu, "Kami PANGERAN, rek nyelehkeun ieu kota ka raja Babul, sina dihuru.

³Maneh moal bisa luput, tangtu ditangkep tuluy diselehkeun, bakal paadu beungeut paadu lemek jeung manehna, tuluy diboyong ka Babul.

⁴Sidkia, regepkeun ieu pangandika Kami ngeunaan diri maneh. Maneh moal paeh ku lantaran perang.

⁵Bakal paeh teh dina waktu anu rineh, tur dikuburkeunana ge dikukusan, moal beda ti karuhun-karuhun maneh anu jaradi raja samemeh maneh, dikuburkeunana dikukusan ku rahayat. Maneh oge bakal dicaleungceurikan ku rahayat, dipidangdam, Raja urang pupus! Kitu timbalan Kami, PANGERAN."

⁶Seug eta timbalan teh ku kaula diunjukkeun ka Raja Sidkia di Yerusalem.

⁷Harita eta kota teh keur digempur ku balad raja Babul. Eta pasukan ngagempur oge kota Lakis jeung Aseka, dua kota benteng anu aya keneh di tanah Yuda.

⁸Raja Sidkia jeung urang Yerusalem tadina geus rempug baris ngamerdekakeun

⁹bangsa Ibrani anu jaradi abid maranehna, boh nu lalaki boh nu awewe, supaya saurang

ge ulah aya urang Israil anu boga jalma
beulian sasama bangsana.

¹⁰Boh rahayat boh para pamingpin, kabeh
geus satuju ngamerdekakeun para abid moal
aya anu dijadikeun abid deui. Tuluy abid-abid
teh dimerdekakeun.

¹¹Tapi ahir-ahir pikiranana rarobah,
abid-abid teh dicarokot deui, dipaksa kudu
ngawula deui.

¹²Ku sabab kitu PANGERAN,

¹³Allah Israil, nimbalan ka kaula kudu
ngomong kieu ka maranehna, "Bareto Kami
nyieun perjangjian ka karuhun maraneh,
basa dijait ti Mesir, jeung dimerdekakeun tina
kerja paksa. Maranehna ku Kami diparentah,

¹⁴yen unggal-unggal tujuh taun kudu
ngamerdekakeun abid bangsa Ibrani anu
ngawulana geus genep taun. Tapi eta
parentah ku karuhun maraneh teu dipirosea,
timbalan Kami teu ditarurut.

¹⁵Ari maraneh, kakara oge genep poe ka
tukang baroga niat jeung kalakuan anu
nyenangkeun Kami. Nya eta, kabeh akur
rek ngamerdekakeun sasama bangsa Israil,
malah make jangji di payuneun Kami di Bait
Allah, di gedong paragi babakti ka Kami.

¹⁶Kari-kari kabeh rarobah deui pikiran. Abid-
abid anu geus ngarasa garenah pikiranana
dumeh anu dicileukna geus tinekanan, ku
maraneh dicokot deui, dipaksa kudu ngawula
deui.

¹⁷ Ku sabab eta, Kami, PANGERAN arek tandes: Maraneh teu narurut ka Kami. Maraneh teu jadi ngamerdekakeun sasama bangsa Israil. Hade kitu oge, heug, maraneh ku Kami rek dimerdekakeun: merdeka milih pipaeheun ku perang, ku pagebug, atawa ku kalaparan. Unggal bangsa sina gimir ku peta Kami ka maraneh.

¹⁸ (34: 18-19) Para ponggawa Yuda jeung Yerusalem, bareng jeung para ponggawa karaton, para imam jeung para pamingpin, geus motong sapi jalu, awakna dibeulah dua, diteundeun pagigir-gigir, tuluy maranehna laleumpang di antara eta dua beubeulahan awak sapi, tanda yen geus ikrar jangji ka Kami. Kari-kari eta jangji dilanggar, sarat-saratna teu dihargaan. Ku sabab kitu maranehna ku Kami rek dijieun kawas eta sapi.

¹⁹ (34: 18)

²⁰ Rek diselehkeun ka musuhna, baris tuluy diparaehan, mayit-mayitna bakal diharakanan ku manuk jeung ku sato-sato galak.

²¹ Sidkia, raja Yuda, jeung para ponggawana, eta oge rek diselehkeun ka balad Babul, anu geus ngeureunan perangna.

²² Eta ku Kami rek dititah baralik deui ka dieu, sina narajang deui ieu kota, sina dirampas tuluy dihuru rata jeung taneuh. Kota-kota tanah Yuda ku Kami rek disuwungkeun sina jadi gurun keusik,

moal aya nu nyicingan. Kitu timbalan Kami,
PANGERAN."

35¹ Waktu Yoyakim putra Yosia jadi raja
di nagara Yuda, PANGERAN nimbalan
ka kaula,

²"Tepungan anak incu Rekab, ajak ngomong.
Bawa ka Bait Allah, asupkeun ka salah sahiji
kamar, tuluy suguhan anggur."

³Seug saanak incu Rekab, nya eta:
Yaasanya anak Yermia bin Habasinya
jeung dulur-dulurna katut anak-anakna
masing-masing

⁴ku kaula diajak ka Bait Allah, dibawa
asup ka kamar murid-murid Nabi Hanan
bin Yigdalya, pernahna iuhureun kamar
Maaseya bin Salum, hiji ponggawa penting
di Bait Allah, deukeut ka kamar-kamar para
ponggawa sejenna.

⁵Kaula natakeun gelas jeung anggurna dina
hiji wadah. "Mangga ngaraleueut," ceuk kaula
ka maranehna.

⁶Ari jawabna, "Kaula sadaya tara nginum
anggur. Karuhun kaula sadaya, Yonadab bin
Rekab, ngalarang yen kaula sadaya nya kitu
deui turunan, teu kenging nginum anggur.

⁷Kajabi ti kitu anjeunna ngalarang, yen kaula
sadaya teu kenging ngadamel rorompok,
teu kenging pepelakan, teu kenging ngebon
anggur atanapi meser kebon anggur.
Anjeunna miwarang supaya kaula sadaya

caricing di kemah bae, supados kenging cicing
di ieu nagri, hirup sapertos urang asing.

⁸Sagala rupi amanat Yonadab ku kaula
sadaya ditumutkeun. Kaula sadaya saanak
rabi, nu lalaki, nu awewe, tara pisan nginum
anggur,

⁹(35: 9-10) tara nyieun rorompok keur
imah-imah, cicing mung di kemah, teu gaduh
kebon anggur, teu gaduh lahan, tara melak
gandum, tumut kana amanat Yonadab.

¹⁰(35: 9)

¹¹Mung waktos Raja Nebukadnesar nempuh
ieu kota, kaula sadaya ngungsi ka Yerusalem,
nyingkiran balad Babul sareng balad urang
Siria. Kitu margina dina waktos ieu aya di
Yerusalem."

¹²(35: 12-13) Geus kitu PANGERAN Nu
Maha Kawasa, Allah Israil, nimbalan ka
kaula, miwarang nepungan urang Yuda jeung
urang Yerusalem, nepikeun timbalan kieu,
"Kami, PANGERAN, rek nanya. Naha ku naon
maraneh teu daraek ngadenge, teu narurut
kana parentah Kami?

¹³(35: 12)

¹⁴Anak incu Yonadab mah narurut kana
larangan teh, ceuk karuhunna teu meunang
ngarinum anggur, nepi ka kiwari tara
ngarinum anggur. Ari maraneh, sakitu geus
sering ku Kami digeuing teu narurut bae.

¹⁵Teterusan ku Kami dibere nabi, abdi-abdi
Kami anu ngelingan sangkan maraneh eureun

tina lampah goreng, sangkan hade kalakuan. Ceuk nabi-nabi ulah muja ulah nyembah ka allah-allah sejen, sangkan bisa tetep tumetep di tanah paparin ti Kami ka karuhun maraneh jeung ka maraneh, maraneh tetep bae teu narurut ka Kami, henteu malire.

¹⁶Anak incu Yonadab narurut kana parentah karuhunna, ari maraneh mah ka Kami henteu narurut.

¹⁷Ku sabab kitu, maraneh urang Yuda jeung urang Yerusalem, rek digebruskeun kana rupa-rupa kacilakaan anu ku Kami geus didawuhkeun tea. Pangna Kami kitu teh lantaran maraneh keneh, digeuing teu daek eling, disaur teu ngagarugu."

¹⁸Ti dinya kaula ngomong ka anak incu Rekab, yen PANGERAN Nu Maha Kawasa, Allah Israil ngandika kieu, "Maraneh satia kana amanat Yonadab karuhun maraneh. Sagala cegahanana ditarurut, sagala parentahna digumatikeun.

¹⁹Ku sabab kitu, Kami, PANGERAN Nu Maha Kawasa, Allah Israil jangji: Ti turunan Yonadab bin Rekab anu lalaki salawasna bakal aya anu ngalaladenan Kami."

36¹Dina taun kaopat Yoyakim putra Yosia jadina raja di nagri Yuda, PANGERAN nimbalan ka kaula,

²"Sakur anu ku Kami geus diandikakeun ka maneh tina hal urang Israil, urang Yuda jeung bangsa-bangsa, tuliskeun. Kabeh, ti barang

Kami mimiti ngandika ka maneh, ti jaman
Raja Yosia nepi ka ayeuna.

³Ari ngadarenge yen bakal aya rupa-
rupa picilakaeun mah ti Kami, sugar
daraekeun urang Yuda teh babalik pikir,
ngeureunan kagorenganana. Kami tangtu
daek ngahampura sagala kajahatan jeung
dosa-dosana."

⁴Ti dinya kaula nyalukan Baruk bin Neria.
Sagala timbalan PANGERAN tea ku kaula
didiktekeun. Ku Baruk dituliskeun dina kitab
gulung.

⁵Sanggeus anggeus, kieu ceuk kaula ka
Baruk, "Bapa geus teu meunang asup ka Bait
Allah.

⁶Ku sabab eta engke dina waktu puasa
hidep ka ditu. Pangmacakeun ieu kitab ka
jalma rea sing tarik, sina kadarengeeun
timbalan-timbalan PANGERAN anu ku Bapa
didiktekeun ka hidep tea. Bacakeun ka saha
bae, oge ka urang Yuda anu daratang ti
kotana masing-masing.

⁷Ari nyarahoeun yen PANGERAN sakitu
bendu-Na nepi ka ngancam sakitu bangetna
mah, sugar maranehna daraekeun sasambat
ka Mantenna."

⁸Seug eta pangandika-pangandika
PANGERAN teh ku Baruk dibaca di Bait Allah,
sakumaha pamenta kaula.

⁹Dina bulan kasalapan, taun kalima Yoyakim
jadi raja Yuda, urang Israil paruusa ngalap

kurnia PANGERAN. Urang Yerusalem kitu deui urang Yuda anu daratang ka ibukota ti kotana masing-masing, kabeh paruasa.

¹⁰ Sanggeus jalma rea kumpul, Baruk maca kitab pangandika anu beunang ngadiktekeun tea. Dibacana di Bait Allah di kamar Gemarya bin Sapan, anu jadi jurutulis di dinya. Kamarna pernahna di bagian girang Bait Allah, deukeut lawang asup anu disebut Gapura Anyar.

¹¹ Aya hiji jelema ngaranna Mikaya bin Gemarya incu Sapan. Sanggeus ngadenge eta pangandika-pangandika dibaca ku Baruk,

¹² tuluy indit ka karaton raja. Sup asup ka kamar jurutulis karaton, nepungan para ponggawa anu keur sidang, nya eta Elisama jurutulis karaton, Elnatan bin Akbor, Gemarya bin Sapan, Sidkia bin Hananya, jeung para ponggawa sejenna.

¹³ Di dinya pangandika-pangandika anu ku Baruk dibacakeun ka jalma rea teh ku manehna dicaritakeun deui kabeh.

¹⁴ Geus kitu para pajabat ngutus Yehudi bin Netanya, incu Selemya bin Kusi sina ngala Baruk jeung kitab pangandika anu dibacakeun ka jalma rea tea. Baruk datang mawa eta kitab.

¹⁵ "Pek diuk," ceuk para pajabat, "cik baca deui eta kitab teh." Seug ku Baruk dibaca.

¹⁶ Sanggeus anggeus, para pajabat teh kacida palaureunana, seug silih teuteup.

"Ieu hal kudu diunjukkeun ka raja," ceuk maranehna ka Baruk,

¹⁷ bari tuluy naranya, "Coba caritakeun, kumaha asalna maneh nulis kitu? Dititah ku Yermia?"

¹⁸ Jawab Baruk, "Leres. Tiap pangandika, Yermia anu ngadikte, kaula anu nyeratna dina ieu kitab ku mangsi."

¹⁹ "Maneh jeung Yermia kudu nyumput masing buni," ceuk para pajabat ka Baruk, "kade ulah nepi ka kapanggih."

²⁰ Geus kitu para pajabat arindit ka karaton, ngunjukkeun eta perkara. Ari kitab tea ditunda heula di kamar Elisama jurutulis.

²¹ Raja miwarang Yehudi nyokot eta kitab, tuluy dicokot ti kamar Elisama, seug dibacakeun ka raja jeung ka para mantri anu keur ngadareuheus.

²² Sang raja calikna di karaton paranti usum tiris, mayunan seuneu, kawantu keur usum tiris.

²³ Ana Yehudi macana geus tilu atawa opat kolom, anu geus dibaca teh ku raja dikeureut ku peso leutik, tuluy dialung-alungkeun kana seuneu. Kitu jeung kitu bae, nepi ka kitab beak sagulunganana.

²⁴ Boh raja boh para pajabat, ngadenge eusi eta kitab teh sama sakali teu ngarasa sieun atawa nembongkeun rasa kaduhung.

²⁵ Diemutan oge ku Elnatan, ku Delaya jeung ku Gemarya sangkan eta kitab ulah diduruk, raja teu kersa ngadangu.

²⁶ Raja tuluy nimbalan ka Yerahmel, putra raja ka Seraya bin Asriel jeung ka Selemya bin Abdel, miwarang nangkep kaula jeung Baruk anu jadi jurutulis kaula. Tapi kaula duaan disumputkeun ku PANGERAN.

²⁷ Sanggeus Raja Yoyakim ngaduruk kitab anu ku kaula didiktekeun ka Baruk, PANGERAN nimbalan ka kaula.

²⁸ Timbalana-Na, pangandika-pangandika-Na anu ditulis dina kitab anu ti heula, kabeh kudu ditulis deui.

²⁹ Geus kitu Mantenna miwarang kaula nepikeun pangandika ieu ka raja, "Maneh geus ngaduruk eta kitab, tuluy mariksa naon sababna Yermia nulis yen raja Babul bakal datang narajang ieu tanah, numpes pangeusina, nya jalma nya sato.

³⁰ Ku sabab kitu ayeuna Kami ngandika ka maneh, eh Raja Yoyakim! Turunan maneh moal aya anu jadi raja di karajaan Daud. Bangke maneh bakal dialungkeun sina ngajolopong, ti beurang kapanasan, ti peuting katisan.

³¹ Maneh rek dihukum ku Kami, oge turunan maneh jeung para ponggawa, sabab geus nyieun kadorakaan. Nya maneh, nya urang Yerusalem, nya urang Yuda, euweuh anu daek malire kana panggeuing Kami. Ku

sabab kitu, sagala rupa bahla anu ku Kami geus diancamkeun tea tangtu narajang ka maraneh."

³²Geus kitu kaula nyokot deui keretas sagulung, dipasrahkeun ka Baruk jurutulis kaula. Tuluy manehna nuliskeun sagala rupa anu ku kaula diucapkeun. Eusina sarua jeung nu ti heula, nya eta pangandika-pangandika anu geus didiktekeun ti heula ka manehna.

37 ¹Nebukadnesar, raja Babul, ngangkat Sidkia putra Yosia jadi raja Yuda, ngaganti Yoyakin putra Yoyakim.

²Tapi Sidkia henteu tumut kana timbalan PANGERAN anu diandikakeun ka kaula, kitu deui para pajabat jeung rahayatna.

³Dina hiji waktu aya piwarangan Raja Sidkia ka kaula, nya eta Yukal bin Selemya jeung Imam Sepanya bin Maaseya, mundut dipangnedakeun ka PANGERAN, pikeun kapentingan bangsa.

⁴Harita mah kaula can dipanjara, bebas keneh ka mana-mana di tengah jalma rea.

⁵Ari balad Babul anu keur ngepung Yerusalem harita mundur, sabab meunang beja yen balad Mesir geus budal, sarta geus meuntasan tapel wates Mesir.

⁶Ti dinya PANGERAN, Allah Israil nimbalan ka kaula

⁷pikeun Sidkia. Timbalana-Na, "Balad Mesir anu geus satengah jalan arek ngabantu maneh, bakal baralik deui ka nagrina.

⁸Ari balad Babul bakal daratang narajang deui. Ibukota bakal karebut terus dihuru.

⁹Kami, PANGERAN mere nyaho. Maraneh ulah ngabobodo diri sorangan, boga pikir urang Babul moal narajang deui. Sabab tangtu eta teh narajang deui.

¹⁰Malah-malah najan upama balad Babul tea eleh ku maraneh, datang ka anu kari teh ngan tinggal anu raraheut parna tinggaloler sakemahna-sakemahna, eta anu raraheut parna teh tangtu tingkorejat deui, tuluy ngahuru ieu kota nepi ka rata jeung taneuh."

¹¹Ku sabab balad Babul geus undur ti Yerusalem nyingkiran balad Mesir anu keur datang,

¹²kaula indit ti Yerusalem ka daerah Binyamin, arek nyokot warisan bagian kaula ti kulawarga.

¹³Barang nepi ka Gapura Binyamin, kaula ditahan ku kapala jaga di dinya, ngaranna Yeria bin Selemya, incuna Hananya. Carekna, "Maneh rek belot ka urang Babul, hah!"

¹⁴Ceuk kaula, "Paliyas teuing! Bapa lain rek ngejat ka ditu!" Tapi Yeria embungeun ngadenge, malah terus nyerek, tuluy kaula dibawa ka para pajabat.

¹⁵Para pajabat kacida arambekeunana, tuluy nitah supaya kaula disiksa, geus kitu kaula dikerem di imah jurutulis anu ngaran Yonatan, anu imahna geus dijadikeun panjara.

¹⁶Di dinya kaula diteundeun di kamar leutik di jero taneuh, kacida lilana.

¹⁷Dina hiji waktu diala ka karaton ku Raja Sidkia, dipariksa ririkipan, saurna, "Kumaha, aya pangandika ti PANGERAN?" "Aya," jawab kaula, "Sang Raja bakal diselehkeun ka raja Babul."

¹⁸Kaula unjukan deui, "Naon dosa abdi ka Sang Raja, atanapi ka para pajabat, atanapi ka rahayat, dugi ka dipanjara?

¹⁹Kumaha nasibna nabi-nabi Sang Raja, anu nyebatkeun raja Babul moal narajang ka Sang Raja sareng ka ieu nagri?

²⁰Gusti Sang Raja, abdi nyanggakeun panuhun, mugi kersa ngadangukeun sareng ngabulkeun. Abdi ulah diwangsulkeun deui ka jero panjara di rorompok Yonatan, margi tinangtos abdi teh maot di dinya."

²¹Raja Sidkia nimbalan supaya kaula ditahan di buruan karaton bae. Di dinya saban poe sok dianturan roti sasiki ti tukangna. Tapi lila-lila mah di kota teh geus teu aya deui dahareun.

38¹Aya opat pajabat, nya eta Sepaca bin Matan, Gedalya bin Pashur, Yukal bin Selemya, jeung Pashur bin Malkia. Maranehna ngadarenge ucapan kaula ka jalma rea,

²yen PANGERAN ngandika kieu, "Sing saha anu rek tetep bae di jero kota tangtu paeh, mun teu ku perang, ku kalaparan, atawa ku pagebug. Anu kaluar masrahkeun maneh ka

urang Babul moal dipaehan, paling apesna hirup mah geus tangtu."

³Jeung ceuk kaula, PANGERAN ngalahir kieu, "Ieu ibukota tangtu karebut ku urang Babul, sabab ku Kami rek diselehkeun."

⁴Eta opat pajabat ngadareuheus ka raja, ngalaporkeun kaula, pokna, "Eta jalmi kedah dipaehan, margi ucapanana matak leutik hate perjurit, matak rentag ka jalma rea nu araya keneh di kota. Sanes upaya keur pisalameteun rahayat, malah bade nyilakakeun."

⁵Waler Raja Sidkia, "Pek rek dikukumaha ge kumaha maraneh, kami teu bisa ngahalang-halang."

⁶Ku sabab kitu kaula ku maranehna diasupkeun ka jero sumur, diulur ku tambang. Eta sumur kagungan Malkia, putra raja, geus teu aya caian tapi pinuh ku leutak. Kaula tipetek di dinya.

⁷Kadenge bejana ka Ebed Melek, urang Sudan anu digawekeun di karaton raja, yen kaula ku eta opat pajabat diasupkeun ka jero sumur. Raja harita keur aya di Gapura Binyamin.

⁸Ebed Melek datang ka dinya, tuluy unjukan ka raja, pokna,

⁹"Nun Sang Raja, eta juragan-juragan teh lepat, ngalebetkeun Yermia ka jero sumur, tangtos anjeunna maot langlayeuseun, margi di kota parantos teu aya tedaueun."

¹⁰Raja nimbalan supaya Ebed Melek mawa batur tiluan, saurna kaula kudu buru-buru dihanjatkeun bisi kaburu paeh.

¹¹Los Ebed Melek sabaturna arasup ka gudang karaton nyokot bubututan, tuluy diulurkeun ka kaula ku tambang.

¹²Eta bubututan carekna kudu dikepit ku kaula dina kelek, supaya ari ditarik ka luhur kaula ulah nepi ka raheut. Ku kaula diturutkeun.

¹³Tuluy kaula ditarik kaluar ti jero sumur, sarta saterusna kaula ditahan di buruan karaton.

¹⁴Dina hiji waktu deui kaula ku Raja Sidkia dicandak ka lawang paranti asup ka Bait Allah, lawang anu katilu. Kieu saurna di dinya, "Kula aya tanyakeuneun ka Bapa, jeung menta dijawab satarabasna."

¹⁵Piunjuk kaula, "Nanging upami diunjukkeun satarabasna, tangtos abdi tiwas ku Sang Raja. Sareng upami abdi nyanggakeun nasehat, tangtos abdi moal dipalire."

¹⁶Ti dinya Raja Sidkia maparin jangji, tapi lalaunan, saurna, "Kula sumpah demi Allah anu jumeneng, anu maparin hirup ka urang, hamo kula nyelehkeun Bapa ka jalma-jalma anu harayangeun maehan."

¹⁷Seug ku kaula diunjukkeun yen kieu timbalan PANGERAN Nu Maha Kawasa, Allah Israil, "Lamun maneh daek masrahkeun

diri ka perwira-perwira balad Babul, tangtu salamet moal dipaehan, jeung ieu kota moal nepi ka dihuru. Maneh sakulawarga bakal salamet.

¹⁸Tapi lamun embung taluk, ieu kota tangtu beunang ku urang Babul tuluy dihuru, sarta maneh moal bisa ngejat."

¹⁹Saur raja, "Kula sieun ku bangsa urang anu geus ti hareula belot ka urang Babul, sieun diselehkeun ka maranehna, meureun kula dipergasa."

²⁰Piunjuk kaula, "Moal dugi ka kitu. Panuhun pisan, mugi Sang Raja tumut kana kersa PANGERAN, tangtos sae pijadieunana.

²¹Abdi parantos kenging titingalan ti PANGERAN, kumaha pijadieunana upami Sang Raja teu kersa taluk.

²²Dina eta titingalan sadaya wanita anu araya keneh di karaton raja Yuda digiring ka para perwira raja Babul. Bari laleumpang eta wanita-wanita teh nyaranggem kieu: Sang raja kaperdaya ku mitra-mitrana, eleh ku pangaruh maranehna. Sanggeus sampeanana tibebes kana leutak, leos pada naringgalkeun."

²³Piunjuk kaula deui, "Garwa-garwa Sang Raja sadayana, kitu deui putra-putra, bakal digiring ka urang Babul. Raja ku anjeun moal iasa ngejat. Sang Raja bakal ditawan ku raja Babul, sareng ieu kota tangtos dihuru dugi ka rata sareng taneuh."

²⁴Raja nimbalan, "Ieu paguneman urang,
kade kabuka ku batur, bisi Bapa cilaka.

²⁵Lamun para pajabat nangenan yen kula
geus gunem catur jeung Bapa, tangtu Bapa
dipariksa bari dijangjian yen moal dipaahan,
asal terus terang tas ngomongkeun naon
jeung raja.

²⁶Sebutkeun bae tas nyanggakeun panuhun
supaya henteu diasupkeun deui ka panjara di
imah Yonatan, sieun paeh di dinya."

²⁷Enya bae para pajabat teh daratang
papariksa ka kaula. Ku kaula dijawab
sakumaha anu dipesenkeun ku raja.
Maranehna henteu barisaeun naon-naon,
lantaran perkarana teu sidik.

²⁸Ari kaula tetep keneh ditahan di buruan
karaton, nepi ka Yerusalem ragrag ka musuh.

39¹Dina bulan kasapuluh, taun kasalapan
Sidkia ngarajaan nagri Yuda, Raja
Nebukadnesar ti Babul datang mawa balad
narajang Yerusalem.

²Dina tanggal salapan bulan kaopat taun
kasabelas pamarentahan Raja Sidkia, kuta
Yerusalem geus bobol,

³(Sanggeus Yerusalem direbut, sakabeh
pajabat luhur raja Babul, kaasup Nergal
Sareser, Samgar Nebu, Sarsekim, Nergal
Sareser saurang deui, jeung nu sejen-sejenna
daratang, sarta ngandih tempat-tempat di
bagian Gapura Tengah.)

⁴ Ningali kaayaan geus kitu, peutingna Raja Sidkia jeung pasukan pangawalna nyobanyaoba lolos ti jero kota. Jalanna norobos ka kebon raja, terus mapay lolongkrang anu dihapit ku dua jajar tembok kuta, kebat ngabujeng ka Lebak Walungan Yordan.

⁵ Tapi diudag ku balad Babul, seug kacerek di tanah lapang deukeut Yeriho. Sidkia dibawa ka kota Ribla di wilayah Hamat, ka Raja Nebukadnesar. Ku Raja Nebukadnesar diragragan hukuman.

⁶ Putra-putrana anu pameget kabeh dipareuncit di Ribla, di payuneun socana pisan. Para pajabat Yuda ge teu aya anu luput, kabeh dipareuncit.

⁷ Ari Raja Sidkia dicokel socana, geus kitu dirante baris diboyong ka Babul.

⁸ Sajeroning kitu, karaton raja jeung imah-imah rahayat dihuru ku serdadu-serdadu Babul, kuta-kuta Yerusalem direbah-rebahkeun.

⁹ Rahayat anu araya keneh di kota ditawan ku Nebusaradan anu jadi kapala pasukan, dihijkeun jeung jalma-jalma anu geus taraluk ti heula, tuluy diboyong ka Babul.

¹⁰ Anu disesakeun ngan jalma-jalma anu pangmalaratna, anu henteu boga naon-naon. Eta mah malah ditinggalan kebon anggur jeung dibere lahan.

¹¹ Aya timbalan Raja Nebukadnesar ka Nebusaradan kapala pasukan. Timbalanana,

¹²"Teang Yermia, cokot. Poma ulah diganggu, naon pamentana tedunan."

¹³Nebusaradan indit, dibarengan ku pangagung, nya eta Nebusasban jeung Nergal Sareser, katut perwira-perwira Babul.

¹⁴Sim kuring dikaluarkeun ti jero tahanan di buruan karaton, tuluy dititipkeun ka Gedalya bin Ahikam incu Sapan, anu diparentah nguruskeun kaula supaya bisa balik kalawan salamet. Ku sabab eta kaula bisa deui hirup babarengan jeung jalma rea.

¹⁵Sajeroning kaula dipanjara keneh di palataran karaton, ku PANGERAN dipiwarang

¹⁶mere terang ka Ebed Melek, urang Sudan, yen Allah Israil, PANGERAN Nu Maha Kawasa, geus ngandika ieu, "Sakumaha anu ku Kami bareto geus disebutkeun, ieu kota ku Kami rek diancurkeun, lain rek dimakmurkeun. Hal eta kajadianana bakal katenjo ku maneh di dieu.

¹⁷Tapi maneh mah bakal ditangtayungan ku Kami, PANGERAN, moal nepi ka beunang ku urang Babul anu ku maneh dipikasieun.

¹⁸Maneh mah ku sabab ngandel ka Kami. Tangtu ku Kami disalametkeun, tangtu hirup sarta luput ti nu rek maehan. Kitu timbalan Kami, PANGERAN."

40¹Sanggeus kaula dikaluarkeun ku Nebusaradan tina tahanan di Ramah, PANGERAN nimbalan. Barang mimiti mah kaula oge dirante, cara urang Yerusalem

jeung urang Yuda anu keur diakut ka Babul jaradi tawanan.

²Geus kitu kaula dipisahkeun ka sisi ku kapala pasukan, sarta manehna ngomong kieu ka kaula, "Ieu nagri kapungkur diancam bade dibasmi ku PANGERAN, Allah panutan Bapa.

³Eta ancaman ayeuna parantos bukti, lantaran bangsa Bapa boga dosa ka PANGERAN, teu narurut ka Anjeunna.

⁴Bapa ayeuna bebas, eta rante urang buka tina panangan. Bilih Bapa bade ngiring ka Babul mangga, tangtos diperyogikeun. Kajabi ari teu kersa nya sawios bade ka mana oge. Di ieu tanah Bapa laluasa milih bade linggih di mana."

⁵Ku sabab kaula teu ngajawab, Nebusaradan ngomong deui, "Saena Bapa mulih teh ka Gedalya bin Ahikam, putu Sapan. Anjeunna ku raja Babul parantos diangkat jadi gubernur di tanah Yuda. Nanging eta mah kumaha kersa, naha bade di anjeunna sareng urang dinya, naha bade di mana." Kitu carekna bari sok mere pisangueun, tuluy ngajurung laku.

⁶Bral kaula indit ka Mispa, ka bumi Gedalya, rek ngahiji jeung rahayat anu araya keneh di nagri Yuda.

⁷Aya sababaraha urang perwira urang Yuda katut perjurit-perjuritna anu henteu taraluk ka urang Babul. Mareunang beja yen Gedalya ku raja Babul diangkat jadi gubernur, ngurus

rahayat anu teu diboyong ka Babul, rahayat anu pangmalaratna di eta tanah.

⁸ Seug daratang katut perjurit-perjuritna ka Gedalya, di Mispa: Ismail bin Netanya, Yohanan bin Kareah, Seraya bin Tanhumet, anak-anak Epai urang Netopa, jeung Yesanya urang Maaka.

⁹ Ari saur Gedalya ka maranehna, "Tong asa-asa tunduk ka urang Babul, ku Bapa ditanggung. Sing jarongjon hirup di ieu nagri bari kumawula ka raja Babul, tangtu jamuga.

¹⁰ Ari Bapa mah tetep di dieu di Mispa, ngawakilan aranjeun ari urang Babul ka darieu. Kawajiban aranjeun nya eta ngumpulkeun anggur, bubuhan, jeung minyak jetun. Pek sing jarongjon sadesana-sadesana."

¹¹ Beja yen raja Babul ngidinan sabagian urang Israil caricing di tanah Yuda, tur geus ngangkat Gedalya jadi gubernurna, kadarenge ku urang Israil anu bacacar di tanah Moab, tanah Amon, tanah Edom, jeung di tempat sejenna.

¹² Seug maranehna marulang ka tanah Yuda, ninggalkeun tempat masing-masing, tuluy daratang ka Gedalya di Mispa. Maranehna oge dibere kawajiban ngumpulkeun anggur jeung bubuhan masing loba.

¹³ Yohanan jeung kapala-kapala perjurit anu henteu taraluk, daratang ka Mispa nepungan Gedalya.

¹⁴Tuluy arunjukan, pokna, "Kumaha Bapa parantos uninga? Bapa nuju diarah bade ditelasan ku Ismail, dititah ku Raja Baalis, raja urang Amon." Tapi Gedalya teu percayaeun.

¹⁵Seug Yohanan unjukan rerencepan pokna, "Idinan abdi, Ismail urang paehan. Ditanggel moal aya nu terangeun. Bapa ulah ngantep salira, nu hasud ulah diantep. Bilih urang Yahudi anu araya di Bapa pabalencar, tangtos matak bahla ka sadayana anu araya keneh di Yuda."

¹⁶Ari waler Gedalya, "Ulah! Bapa teu percaya Ismail kitu!"

41 ¹Dina bulan katujuh taun eta keneh, Ismail bin Netanya incu Elisama, salah saurang perwira luhur karajaan tur wargi raja keneh, natamu ka Gedalya. Sabot keur bareng dalahar,

²Ismail sabatur-baturna nyarabut pedang, tuluy narajang ka Gedalya. Gedalya maot.

³Malah urang Israil anu reureujeungan jeung Gedalya di Mispa, kitu deui sawatara serdadu Babul anu keur araya di dinya, eta oge dipaehan kabeh.

⁴Isukna, memeh maotna Gedalya kanyahoan,

⁵aya aleutan jelema ti Sekem, Silo jeung Samaria, dalapan puluh urang. Janggotna beunang nyukuran, papakeanana beunang nyosoeh, sarta awakna beunang nurihan

maneh. Marawa bahan pikurbanneun, gandum jeung dupa, baktikeuneun di Bait Allah.

⁶ Ismail mapagkeun ti Mispa bari ceurik sajajalan. Sanggeus tepung, pok manehna ngomong, "Sae urang ngalayad ka Gedalya."

⁷ Barang eta jalma-jalma narepi ka jero kota, ku Ismail jeung babaturanana ditarajang, dipaehan, mayitna dialung-alungkeun ka jero sumur.

⁸ Aya sapuluh urang anu henteu kungsi dipaehan, lantaran melas-melis ka Ismail pokna, "Kuring ulah dipaehan. Kuring boga pependeman, diruang di kebon, aya tarigu, aya gandum, minyak jetun, jeung madu."

⁹ Sumur anu dipake ngunclung-ngunclungkeun mayit teh gede, beunang ngadamel Raja Asa, basa keur ditempuh ku Raja Baasa, raja Israil. Eta sumur ku Ismail dipinuhan ku mayit-mayit.

¹⁰ Ti dinya Ismail nangkepan putri-putri raja, kitu deui sakabeh jalma di Mispa, anu ku kapala pasukan Nebusaradan dipercayakeun ka Gedalya. Geus kitu bral Ismail indit mawa para tawanan, ngajugjug ka wewengkon tanah Amon.

¹¹ Eta kajahatan Ismail geus katarima bejana ku Yohanan sabatur-batur, para kapala perjurit.

¹² Tuluy Ismail diudag, kasusul deukeut hiji talaga di Gibon.

¹³ Barang para tawanan Ismail narenjoeun ka pasukan Yohanan, kacida aratoheunana,

¹⁴ tuluy lalumpatan nyalampeurkeun.

¹⁵ Tapi Ismail jeung batur-baturna dalapan urang bisa ngejat, tuluy kabur ka tanah Amon.

¹⁶ Geus kitu para tawanan anu ku Ismail dibawa ti Mispa sabada Gedalya tiwas, ku Yohanan jeung ku kapala-kapala perjurit diurus, nya eta serdadu-serdadu, wanita-wanita, barudak jeung ponggawa-ponggawa karaton.

¹⁷ (41:17-18) Tapi ku sabab Gedalya geus tiwas ku Ismail, mangkaning Gedalya teh beunang ngangkat raja Babul jadi gupernur di dinya, maranehna jadi sarieuneun ku urang Babul. Ku sabab kitu tuluy nyalingkir ti dinya, kebat laleumpang nepi ka Kimham deukeut Betlehem. Di dinya areureun heula, baris terus ka Mesir, nyingkiran urang Babul.

¹⁸ (41:17)

42¹ Para kapala perjurit, Yohanan bin Kareah, Asarya bin Hosaya jeung jalma tea ti sagala lapisan, maranggihan kaula, ngasongkeun pamenta, pokna,

²"Abdi sadaya gaduh panuhun, mugi Bapa kersa ngabulkeun. Nyuhunkeun dipangnedakeun ka PANGERAN Allah urang. Pangnedakeun ieu rahayat anu mung kantun sakieu sesana, padahal kapungkur sakitu seueurna, Bapa oge tingali.

³Pangnedakeun pituduh ka PANGERAN, abdi-abdi kedah kumaha, sareng kedah ka mana."

⁴"Heug," walon kaula, "pamenta aranjeun ku Bapa urangunjukkeun ka PANGERAN Allah urang. Kumaha pangandika-Na engke, ku Bapa tangtu dibuka, moal aya nu disidem."

⁵Carek maranehna, "PANGERAN ku mantan anu baris jadi saksi satuhu sareng satemenna, upami abdi-abdi henteu tumut kana pangandika PANGERAN Allah urang anu katampi ku Bapa kanggo abdi-abdi.

⁶Bade genah bade henteu, pangandika-Na bade ditampi. Abdi-abdi sumeja tumut ka PANGERAN Allah urang. Nu mawi ka Bapa nyuhunkeun dipangnedakeun ka Mantenna oge tangtos sagala pangersa-Na bade ditumutkeun, supados jamuga."

⁷Sapuluh poe ti harita, PANGERAN ngandika ka kaula.

⁸Seug Yohanan, para kapala perjurit jeung jalma rea ku kaula disina kumpul.

⁹Geus kitu ceuk kaula, "Bapa dipentaan tulung ku aranjeun, mangnyuhunkeun pituduh ka PANGERAN Allah Israil. Kieu timbalana-Na,

¹⁰Upama maraneh tetep maratuh di ieu tanah, ku Kami maraneh baris diajegkeun, moal diruntuhkeun; maraneh bakal tumuwuh sarta ku Kami moal dirabut. Sabab Kami

ngarasa kacida hanjakalna geus nyilakakeun bangsa maraneh.

¹¹ Geus, ulah sarieun ku raja Babul. Ku Kami maraneh rek disareangan, sangkan salamet tina kakawasaanana.

¹² Kami anu sipat welas asih, rek ngersakeun sangkan raja Babul karunyaean ka maraneh, ngidinan maraneh mulang ka nagri maraneh. Kitu timbalan Kami, PANGERAN.

¹³ (42: 13-15) Nu matak aranjeun anu araya keneh di tanah Yuda, ulah henteu narurut ka PANGERAN Allah aranjeun, yen kudu maratuh di tanah ieu. Sabab upama ceuk aranjeun, Mending ka Mesir, di ditu mah moal nenjo-nenjo deui perang atawa ngadenge sora tarompet nu nyalukan perang, jeung moal kalaparan, kieu timbalan PANGERAN Nu Maha Kawasa, Allah Israil, Upama maraneh keukeuh arindit ka Mesir sarta maratuh di ditu,

¹⁴ (42: 13)

¹⁵ (42: 13)

¹⁶ perang anu ku maraneh dipikagimir teh tangtu ngudag ka ditu, bahla kalaparan anu ku maraneh dipikarisi tangtu ngaberik maraneh ka Mesir. Maraneh tangtu paraeh di Mesir.

¹⁷ Jadi saha anu keukeuh ka daritu tangtu paraeh, mun teu ku perang tangtu ku kalaparan atawa ku pagebug. Saurang ge moal aya anu hirup, moal barisa luput tina

bahla anu ku Kami rek didatangkeun ka dirina.

¹⁸Kieu deui timbalan PANGERAN Allah Israil, Sakumaha Kami geus ngabudalkeun amarah jeung kajengkel ka urang Yerusalem, ka maraneh oge upama keukeuh arindit bae ka Mesir, amarah Kami tangtu budal. Nasib maraneh bakal pikagilaeun batur, bakal pada moyok, pada ngahina, sarta ngaran maraneh bakal diparake sasapaan ku batur. Maraneh moal nenjo-nenjo deui tanah ieu."

¹⁹Ceuk kaula deui, "Aranjeun nu araya keneh di Yuda ku PANGERAN geus dilarang supaya ulah arindit ka Mesir. Ku sabab kitu ayeuna Bapa ngelingan,

²⁰mun ka daritu teh salah kabina-bina, matak tiwas. Aranjeun geus muntang ka Bapa menta dipangnedakeun ka PANGERAN. Geus jarangji rek nurut kana sagala timbalana-Na.

²¹Geus cukup Bapa ngingetan, tapi aranjeun teu narurut bae kana timbalan PANGERAN Allah urang anu diandikakeun ka Bapa.

²²Ku sabab eta masing aringet: Aranjeun tangtu tumpur di ditu, di nagri anu ku aranjeun dipicangcam. Lamun teu tumpur ku perang tangtu tumpur ku pagebug atawa ku kalaparan."

43¹ Geus anggeus kaula nyarita ka jalma-jalma, nepikeun sagala pesen PANGERAN Allahna anu ku kaula kudu ditepikeun ka maranehna.

²Ti dinya Asarya bin Hosaya, ku Yohanan bin Kareah, jeung ku jelema-jelema anu sarombong, ngaromong ka kaula, "Bapa bohong. PANGERAN Allah urang henteu miwarang Bapa nyaurkeun yen kuring sarerea teu meunang arindit jeung maratuh di Mesir.

³Bapa tangtu kaangsonan ku Baruk bin Neria geusan ngahalang-halang maksud kuring sarerea ngarah kuring ditangkep ku urang Babul ambeh ditumpes atawa diboyong ka Babul."

⁴Jadi boh Yohanan, boh kapala-kapala perjurit, boh jalma rea, anu ku PANGERAN ditimbalan yen kudu caricing di tanah Yuda bae teh henteu narurut.

⁵Geus kitu Yohanan jeung kapala-kapala perjurit ngumpulkeun sesa-sesa jelema nu taringgaleun di Yuda, jeung anu kakara marulang ti tempat bacacarna, kabeh dibawa ka Mesir,

⁶awewe, lalaki, barudak, putri-putri raja, jeung jalma-jalma anu ku kapala pasukan Nebusaradan dititipkeun ka Gedalya, malah kaula sorangan jeung Baruk bin Neria oge milu dibawa.

⁷Kabeh arindit ka Mesir, teu narurut kana timbalan PANGERAN. Tuluy narepi ka kota Tahpanes.

⁸Barang nepi ka dinya, kaula ditimbalan kieu ku PANGERAN,

⁹"Maneh kudu nyokot batu anu galedé, tuluy urugan ku taneuh porang, hareupeun gedong pamarentahan ieu kota, sing kasaksian ku urang Israil.

¹⁰Bejakeun kieu ka maranehna: Kami, PANGERAN Nu Maha Kawasa, Allah Israil, rek miwarang abdi Kami, Raja Nebukadnesar ti Babul, sina ka dieu. Manehna bakal masang tahtana di luhureun eta batu anu diurugan ku maneh, sarta terus masangkeun kemahna di dinya.

¹¹Tangtu Nebukadnesar teh datang ka dieu, ngarebut Mesir. Saha-saha anu geus dikudukeun paeh ku pagebug, nya paeh ku pagebug. Anu geus dikudukeun ditawan, nya dibawa ka tempat tawanan. Anu geus dikudukeun paeh ku perang, nya bakal paeh di pangperangan.

¹²Kuil-kuil brahala urang Mesir arek dibasmi ku Kami, diduruk. Brahala-brahala sina diduruk ku raja Babul, atawa dibawa ka Babul. Ibarat tukang ngangon ngirab-ngirabkeun bajuna sangkan tuma-tumana beresih, raja Babul bakal ngirabkeun Mesir nepi ka beresih, tuluy mulang kalawan unggul.

¹³Tugu-tugu batu karamat tanah Mesir di Heliopolis ku raja Babul bakal dibongkar, kuil-kuil brahala urang Mesir bakal diduruk."

44¹PANGERAN nimbalan ka kaula. Timbalana-Na ngeunaan urang Israil anu keur ngalumbara di Mesir, nya eta di

Migdol, di Tahpanes, di Mempis jeung di tanah pakidulanana.

²Kieu timbalan PANGERAN Nu Maha Kawasa, Allah Israil, "Maraneh narenjo sorangan katunggaraan anu narajang ka Yerusalem jeung ka kota-kota di Yuda nu dilantarankeun ku Kami. Nepi ka ayeuna kaayaan Yerusalem jeung Yuda masih keneh awut-awutan, tur euweuh anu ngeusian.

³Eta teh ku lantaran jalma-jalmana jarahat, kalakuanana geus ngahudang amarah Kami, nya eta ngurban ka allah-allah sejen. Ka brahala-brahala anu tadina tara disembah, boh ku urang dinyana, boh ku maraneh, boh ku karuhun maraneh.

⁴Kami tara towong ngutus nabi-nabi ka maraneh, nya eta abdi-abdi Kami, anu mamatahan sangkan maraneh ulah nyieun kalakuan pikagirukeun Kami.

⁵Tapi maraneh teu narurut, teu ngagarugu, henteu eureun ngurban ka allah-allah sejen; peta nu kacida dorakana.

⁶Kitu sababna Kami wera, jengkel. Kota-kota di Yuda jeung jalan-jalan di Yerusalem ku Kami dihuru. Kaayaanana tug nepi ka kiwari oge ngan kari ruruntuhanana wungkul, katenjona geueuman.

⁷Kami, PANGERAN Nu Maha Kawasa, Allah Israil, arek nanya: Naha ku naon maraneh boga kalakuan kitu, nepi ka nyilakakeun diri sorangan? Na hayang tumpes euweuh nu

nyesa, kolot, budak, awewe, lalaki, nepikeun ka orok-orok kabeh beak kasorang bahl?

⁸Di dieu oge, sabot ngumbara di Mesir, ku naon ngajengkelkeun Kami bae, ngabarakti ka brahala-brahala, nyarembah ka allah-allah urang dieu? Na harayang cilaka nu matak karitu peta teh? Harayang dihina, dipupuas ku sajagat, harayang sangkan ngaran maraneh dipake sasapaan ku batur?

⁹Na geus paroho kana sagala rupa kajahatan maraneh di kota-kota di Yuda jeung di jalan-jalan di Yerusalem, anu dilampahkeun ku karuhun maraneh, ku raja-raja maraneh jeung ku pamajikanana masing-masing, nya kitu deui ku maraneh jeung ku pamajikan maraneh?

¹⁰Nepi ka ayeuna maraneh ngan wegah bae ngarendahkeun hate. Teu hormat ka Kami. Aturan-aturan ti Kami anu kudu ditarurut, teu ditarurut, boh ku maraneh, boh ku karuhun maraneh.

¹¹Ku sabab kitu, Kami, PANGERAN Nu Maha Kawasa, Allah Israil, malik ngalawan ka maraneh, ngabasmi nagri Yuda.

¹²Urang Yuda anu ngalumbara di Mesir ku Kami rek ditumpes kabeh. Nu gede, nu leutik, sina paraeh di Mesir, nu ku perang, nu ku kalaparan. Kaayaanana sing matak kukurayeun, sina pada ngahina, pada mupuas, ngaran-ngaranna sina diparake sasapaan ku batur.

¹³Anu ngalumbara di Mesir baris dihukum ku hukuman anu geus keuna ka Yerusalem, nya eta ku perang, ku kalaparan jeung ku pagebug.

¹⁴Sesa-sesa urang Yuda anu ngalumbara di Mesir moal aya nu disesakeun hirup saurang-urang acan, moal aya anu bisa mulang deui ka nagri Yuda sakumaha kahayangna. Kaum pangungsi anu bisa balik ngan saeutik pisan."

¹⁵Harita anu keur ngalumbara teh keur karumpul, kacida lobana, nya eta jalma-jalma anu nyatujuan pamajikanana marere kurban ka allah-allah sejen, jeung awewe-awewe anu araya di dinya, kitu deui urang Israil anu ngalumbarana di pakidulan tanah Mesir. Maranehna narembal kieu,

¹⁶"Eta anu diomongkeun ku Bapa mawa jenengan PANGERAN moal didenge.

¹⁷Rek ngadenge kana omongan sorangan bae. Mere kurban jeung nyician anggur keur Ratu Sawarga, demi pupujan, rek diteruskeun. Kitu kabiasaan kuring, kabiasaan karuhun, kabiasaan raja-raja jeung pamingpin-pamingpin kuring di kota-kota di Yuda jeung di jalan-jalan di Yerusalem. Tur geus bukti hirup kuring jadi senang, tara kurang sandang pangan, jauh ti bancang pakewuh.

¹⁸Bukti deui, sanggeus eureun nyembah ka Ratu Sawarga, tara nyuguhan deui anggur

ka anjeunna, bet tuluy tibalik jadi teu boga naon-naon jalma-jalma teh, malah nepi ka tariwas ku perang jeung ku kalaparan."

¹⁹ Awewe-awewe marilu ngomong, "Unggal kueh anu dirupakeun Ratu Sawarga, unggal nyanggakeun kurban jeung nyicikeun anggur keur anjeunna, salawasna ge disatuan ku salaki."

²⁰ Ari ceuk kaula ka jalma rea jeung ka awewe-awewe anu bieu ngaromong, kieu,

²¹ "Dikira PANGERAN teu uninga, atawa lali kana eta kurban-kurban anu dilampahkeun ku aranjeun, ku karuhun aranjeun, ku raja-raja aranjeun, ku pamingpin-pamingpin aranjeun, jeung ku jalma rea di tanah Yuda jeung di jalan-jalan di Yerusalem?

²² Nagri aranjeun runtuh, euweuh eusian, kaayaanana geueuman, tur ngaranna dipake sasapaan ku bangsa batur, lantaran PANGERAN geus teu werat ningali kajahatan jeung kadorakaan aranjeun.

²³ Aranjeun ayeuna sakieu cilakana, nya ku lantaran sok marere kurban ka allah-allah sejen, dosa ka PANGERAN, teu narurut kana sagala timbalana-Na."

²⁴ (44: 24-25) Kaula neruskeun deui pangandika PANGERAN Nu Maha Kawasa, Allah Israil ka maranehna, pangpangna ka awewe-awewena, tina perkara anu geus ditimbalkeun ka urang Yuda anu ngalumbara di tanah Mesir. Kieu timbalana-Na, "Maraneh

jeung pamajikan geus ikrar jangji ka Ratu Sawarga, rek mere kurban jeung nyuguh anggur. Enya, maraneh satia kana eta jangji. Heug ari kitu mah, pek sing saratia kana eta jangji! Cumponan ikrar maraneh ka dinya!

²⁵(44: 24)

²⁶Tapi bandungan ieu ikrar Kami, PANGERAN, ikrar ngeunaan maraneh urang Israil anu araya di Mesir. Maraneh hamo meunang deui sumpah demi jenengan Kami. Teu meunang deui sumpah anu ucapanana, Kuring sumpah demi Allah anu jumeneng!

²⁷Maraneh ku Kami moal rek dibere kasenangan, malah rek dibasmi! Maraneh kabeh bakal tiwas, boh ku perang, boh ku pagebug, nepi ka moal aya nu kari.

²⁸Ngan saeutik pisan anu bisa lolos, bisa baralik ti Mesir ka tanah Yuda. Eta teh supaya maranehna jadi saksi, lantaran nyarakian ikrar mana anu geus bukti, ikrar Kami atawa ikrar maranehna.

²⁹Pikeun tanda ngabuktikeunana nya eta: Maraneh tangtu ku Kami dihukum di ieu tempat. Sumpah Kami rek ngadatangkeun bahla ka maraneh tangtu dibuktikeun di dieu.

³⁰Raja Mesir Piraon Hopra, ku Kami rek diselehkeun ka musuh-musuhna sina tiwas dipaehan, cara Raja Sidkia ti nagara Yuda ku Kami geus diselehkeun ka Raja Nebukadnesar ti Babul, musuhna, anu geus niat maehan ka manehna."

45¹ Dina taun kaopat mangsa Yoyakim putra Yosia jadi raja nagri Yuda, sanggeus Baruk nyatetkeun lisan-lisan ti kaula, Baruk dibejaan

² yen aya timbalan keur manehna ti PANGERAN, Allah Israil. Kieu, "Baruk,

³ maneh ngomong, Aing geus teu tahan! Keur susah teh disusahkeun deui ku PANGERAN. Mani geus cape balas humandeuar, mani henteu bisa minge!

⁴ Ieu Kami PANGERAN, baris ngaruag beunang Kami ngadegkeun, baris ngarabut beunang Kami melak. Sakuliah jagat ku Kami rek dikitukeun.

⁵ Kutan maneh teh hayang dibedakeun? Tong boga kahayang kitu! Sabab sakabeh manusa ku Kami rek ditarajang ku picilakaeun. Tapi sanajan kitu, maneh mah ku Kami rek diidinan hirup, rek ka mana ge moal kungsi tiwas. Kitu timbalan Kami, PANGERAN."

46¹ Aya timbalan PANGERAN ka kaula, ngeunaan bangsa-bangsa.

² Anu pangheulana ku Mantenna disebat nya eta Mesir. Kieu timbalana-Na hal balad raja Mesir Piraon Neko, anu eleh perangna di Karkemis deukeut Walungan Eprat, eleh ku Raja Nebukadnesar ti Babul, dina taun kaopat mangsa Yoyakim putra Yosia jadi raja di Yuda,

³ "Para perwira Mesir ngahucuhkeun balad, Siapkeun tameng-tameng maraneh, maju ka medan jurit!"

⁴Kuda-kuda selaan, tumpakan! Geura sup kana barisan, pake balakutak! Asah tumbak! Pake baju beusi!"

⁵"Tapi naon anu katingali ku Kami?" lahiran PANGERAN. "Bet malundur mani tagiwur, baladna kadeseh, perangna eleh, lalumpatan tingbalecir, kalabur bawaning gimir. Teu waranieun ngalieuk-lieuk acan.

⁶Tapi kaburna teu bisa kebat, bororaah bisa ngejat. Di kaler, deukeut Walungan Eprat, blag-blug lalabuh patingjaloprak.

⁷Saha eta anu mangkak, lir Walungan Nil keur beungkak, lir walungan nu keur limpas?

⁸Geuning Mesir, lir Walungan Nil keur caah, lir walungan limpas caina. Mesir susumbar, Aing arek ngagulidag, saalam dunya arek dijorag. Kota-kotana baris digempur, jelemana sina tumpur.

⁹Lumpatkeun pasukan kuda, geredegkeun pasukan kareta. Hucuhkeun pasukan tempur: tentara bangsa Sudan jeung Libia anu marake tameng, jeung tentara ti Lidia anu arahli mentang gondewa."

¹⁰Poe ieu kagungan Nu Maha Agung, PANGERAN Nu Maha Kawasa. Poe ieu Mantenna seja ngabales, musuh-musuh bakal ditindes. Pedang-Na bakal seubeuh ku daging musuh, seubeuh nguyup getih musuh. Poe ieu Mantenna ngarecah korban-korban, di kaler, di sisi Walungan Eprat.

¹¹ Eh urang Mesir, geura ka Gilad, neangan keur piubareun! Ubar-ubar maraneh geus teu mental, maneh hamo cageur-cageur.

¹² Bangsa-bangsa nyarahoeun yen maneh meunang wiwirang, ngadarengeeun maneh ngajerit. Serdadu-serdadu silih tubruk pada batur, tinggedebug tinggolepak kana taneuh.

¹³ Raja Nebukadnesar ti Babul sumping rek ngagempur Mesir. Ti dinya PANGERAN nimbalan ka sim kuring,

¹⁴ "Uarkeun ka unggal kota di Mesir, Migdol, Mempis jeung Tahpanes. Kieu, Geura taki-taki ngabela diri, maraneh moal teu tumpes ku perang!

¹⁵ Dewa maraneh, Dewa Apis nu kawasa, na ku naon ngalumbuk? Ditarajang ku PANGERAN nepi ka ngusruk!

¹⁶ Serdadu maraneh patingkudupruk, seug silih ajak pada batur, Geuwat, mending mulang, kumpul jeung sanak baraya, nyinkiran pedang musuh!

¹⁷ Ganti ngaran raja Mesir teh, ku Si Ribut Gede Omong Nu Teu Nenjo Kasempetan.

¹⁸ Kami Raja mah, PANGERAN Nu Maha Kawasa, Allah anu jumeneng. Kadigjayaan rongkah nu bakal numpes maraneh, lir Gunung Tabor ngajurungkunung ngaluhuran gunung-gunung, lir Gunung Karmel ngajegir ngaluhuran laut.

¹⁹ Sadiakeun diri maraneh, eh urang Mesir, geusan diboyong. Kota Mempis bakal kosong, parongpong euweuh jelemaan.

²⁰ Mesir lir sapi montok diseureud ku engang ti kaler.

²¹ Serdadu-serdadu bayaranana ge badis anak sapi taya guam, tarungna moyodok kumeok, kalabur tingbalecir. Dasar geus ninggang kana cilakana, geus ninggang kana ancurna.

²² Barang jebul musuh ngurunyung, Mesir kabur, sorana mani hoshosan kawas oray. Musuhna ngambreg mubat-mabit kampak, mani kawas nu nuaran tatangkalan,

²³ badis keur ngabukbak leuweung. Baladna loba teuing lamun diitung. Ieuwih loba batan simeut.

²⁴ Urang Mesir bati getir, eleh perang ku musuh ti tatar kaler. Kitu timbalan Kami, PANGERAN."

²⁵ Timbalan PANGERAN Nu Maha Kawasa, Allah Israil, "Kami rek nyiksa si Amon, dewa anu ngajentul di Tebe, sakalian jeung Mesir katut dewa-dewana jeung raja-rajana. Raja Mesir rek dicerek katut sakabeh jelema anu nyalindung ka manehna.

²⁶ Rek diselehkeun ka jelema-jelema anu keur ngarah patina, nya ka Raja Nebukadnesar jeung pasukan baladna. Tapi engke ka hareup Mesir teh bakal loba deui

pangeusina cara baheula bihari. Kitu timbalan Kami, PANGERAN."

²⁷ "Eh umat Kami, tong salempang, eh urang Israil, tong hariwang. Maraneh tangtu dijait, diala ti anu jauh, ti nagri tempat maraneh ditawan ku musuh. Bakal marulang ka lemah cai, bari hirup senang ati, moal aya pikasalempangeun, moal manggih pikarisieun.

²⁸ Tangtu ku Kami dilayad disalametkeun. Bangsa-bangsa anu ku Kami dipake tempat ngabuang maraneh rek dibasmi. Tapi maraneh mah baris salamet. Ari dihukum mah dihukum maraneh teh, tapi ngahukum ge Kami mah adil. Kitu timbalan Kami, PANGERAN."

47 ¹ Samemeh raja Mesir ngagempur kota Gasa di nagri Pelisti, PANGERAN nimbalan ka kaula perkara eta nagri.

² Kieu timbalana-Na, "Aya nu merul ti kaler, kawas cai ngagulidag, lir walungan caah. Bakal ngalembak ieu nagri saeusina, kota-kota jeung jelema. Pribumina tingkoceak, sajagat sasambat tulung-tulungan.

³ Ceulina teu paruguh dedengean: tingbeletrak sora kuda lumpat, tinggurudug sora kareta, tingcarekit sora kikiping. Bapa enggeus teu tolih ka anak, leungeunna ngaraplek kawas nu keked.

⁴ Geus waktuna Pelisti dibasmi, pegatkeun hubunganana ti Tirus jeung Sidon, ti sakabeh

anu osok ngabantu. Urang Pelisti nu datang ti pulo Kreta ku Kami baris ditumpes.

⁵Urang Gasa sarungkawa, urang Askelon henteu nyoara. Sabaraha pililaeunana sesa bangsa Pelisti bakal tunggara?

⁶Maneh ngagoak, Duh pedang PANGERAN, iraha rek eureun amuk-amukan? Geura ngampih kana sarangka, sing genah-genah di dinya.

⁷Rek eureun ngamuk kumaha, mun ceuk Kami kudu terus? Geus diparentah kudu ngagempur Askelon jeung bangsa-bangsa anu di basisir."

48¹Hal tanah Moab, kieu timbalan PANGERAN Nu Maha Kawasa: "Urang Nebo cilaka, ruksak kotana! Kiryat Yarim geus karampas, bentengna anu tohaga geus rebah, pangeusina ngarasa era.

²Tanah Moab geus teu boga pamor, Hesbon geus karebut, bangsa Moab kaancam tumpur. Kota Madmen ngan bisa ngadedempes kadatangan balad musuh.

³Urang kota Horonaim tingkoceak, Binasa! Tumpur lebur!

⁴Moab geus diburak-barik, barudakna ear careurik.

⁵Rahayatna tingaringhak bari naranjak ka Luhit, careurik patingrarahuh bari marudun ka Horonaim.

⁶Jeung carekna, Hayu urang kabur ngabela nyawa, ngacir kawas kalde gurun pasir.

⁷ Moab, maneh takabur pedah kuat pedah beunghar. Kari-kari bakal tumpur. Dewe maneh, si Kamos bakal dibuang, kitu deui imam-imamna, katut jalma-jalmana anu parenting.

⁸ Kota-kota Moab moal aya anu teu diruksak. Lebak jeung tegalanana ge bakal pasiksak. Kitu timbalan Kami, PANGERAN.

⁹ Moab geura pangnyieunkeun padung, sabab sakeudeung deui ge ancur. Kota-kotana bakal burakrakan, moal aya nu nyicingan."

¹⁰ (Sing cilaka jelema anu henteu enya-enya ngalampahkeun padamelan PANGERAN! Sing cilaka anu embung milu ngagempur jeung maehan.)

¹¹ Timbalan PANGERAN, "Hirup Moab salawasna tumaninah, acan kungsi ngasaan jadi boyongan. Ibarat anggur anu tara digomeng-gomeng, tara dieurihkeun kana goci sejen, seungitna angger, ngeunahna angger.

¹² Ku sabab kitu, nya ayeuna waktuna Kami ngirim jelema-jelema nu bakal mahekeun Moab kawas anggur. Maranehna bakal ngosongkeun eta goci anggur, tuluy gocina dibantingkeun nepi ka remuk.

¹³ Urang Moab bakal ngarasa kuciwa ku dewana, si Kamos, cara urang Israil geus ngarasa kuciwa ku si Betel, dewa sesembahanana.

¹⁴Eh urang Moab, baruk maraneh teh pahlawan, perjurit sakti jago perang?

¹⁵Moab jeung kota-kotana geus ancur. Taruna-taruna andelanana kabeh beak kasambut ku pedang. Kitu timbalan Kami, PANGERAN, Raja Nu Maha Kawasa.

¹⁶Moab geus tereh cilaka, tereh lebur burakrakan.

¹⁷Eh tatangga-tatangga Moab, anu nyaraho kana kamashuran eta bangsa, hempek geura mikawatir! Ucapkeun, Kakawasaan Moab geus reuntas, kamulyaanana jeung kakuatanana geus peunggas.

¹⁸Eh anu anegleng di Dibon, geura turun tina tempat anu kahormat, tuluy andiprek dina taneuh kebul! Logojo pikeun Moab geus jogo, sarta geus ngaruntuhkeun benteng-benteng Moab.

¹⁹Eh urang Aroer! Geura maregat di sisi jalan, tanyakeun ka nu keur kalabur, tanyakeun ka maranehna aya kajadian naon.

²⁰Tangtu ngajarawabna teh, Moab geus ambrug, geus hina, ceungceurikeuneun. Bewarakeun sapanjang Walungan Arnon, yen Moab geus burantakan!

²¹Kota-kota tanah padataranana geus nandang hukuman: Holon, Yahsa, Mepaat,

²²Dibon, Nebo, Bet Diblataim,

²³Kiryat Yarim, Bet Gamul, Bet Maon,

²⁴Keriot jeung Bosra. Sakabeh kota di Moab, nu jauh, nu deukeut, geus dihukum.

²⁵ Kakuatan Moab geus remuk, kajayaanana geus runtuh. Kitu timbalan Kami, PANGERAN."

²⁶ Timbalan PANGERAN, "Moab sina mabok ongkek-ongkekan, sabab geus ngalawan ka Kami. Sina gugulingan dina utahna, sina pada nyeungseurikeun.

²⁷ Eh Moab, inget maneh bareto nyeungseurikeun ka Israil? Israil ku maneh geus disaruakeun jeung tukang rarampog.

²⁸ Eh anu ngarancik di kota-kota Moab, tinggalkeun tempat maraneh! Geura marubus ka gunung-gunung cadas! Itung-itung jadi japati, anu nyarayang di sisi jungkrang.

²⁹ Moab kacida gumedena! Kami nyaho tabeat jelema-jelemana: takabur, arangkuh, arolo-olo, arieu aing pisan.

³⁰ Kami, PANGERAN, nyaho, memang maranehna teh kamagungan. Tapi kalah ka rahul, da buktina mah euweuh nanaonna. Beubeunangan digawena moal aya nu awet umurna.

³¹ Ku sabab kitu Kami arek midangdam nyeungceurikan urang Moab jeung urang Kir Heres.

³² Kami arek jejeritan nyeungceurikan urang Sibmah, leuwih ti batan nyeungceurikan urang Yaser. Nagri Sibmah ibarat tangkal anggur anu ngarambatna nepi ka meuntasan Laut Paeh, malah terus nepi ka Yaser. Kari-kari ayeuna mah maneh dina usum

panas moal buahan. Buah anu geus aya ge diluluh ku batur.

³³ Di tanah Moab nu subur, geus euweuh nu suka seuri. Di tempat-tempat pameresan anggur geus moal aya deui anu hahaleuangan, lantaran moal aya deui anu nyarieun anggur. Tempat-tempat pameresanana ku Kami rek digaringkeun, moal aya deui cianggur nu ngocor ti dinya.

³⁴ Urang Hesbon jeung Eleale tingjarerit. Sora jejeritanana kadenge nepi ka Yahas, kadenge ku urang Soar, malah kadenge nepi ka Horonaim jeung Eglat Selisia. Maranehna tingjarerit lantaran anak Walungan Nimrim geus garing euweuh caina.

³⁵ Di tempat-tempat pamujaanana, urang Moab ku Kami rek dieureunkeun merena kurban beuleuman jeung kurban peuncitan ka dewa-dewana. Kitu timbalan Kami, PANGERAN.

³⁶ Manah Kami bati ngahelas, lir nu nyuling melas-melis, laguna lagu sedih, karunya ka Moab jeung ka urang Kir Heres, lantaran hartabandana geus musna.

³⁷ Sirah maranehna kabeh digundulan, janggotna dikarurud, leungeunna ditarurihan, sarta kabeh marake baju karung, nandakeun prihatin.

³⁸ Di mana-mana, di sakuliah tanah Moab, di imah, di alun-alun, euweuh deui nu kadenge iwal ti sora ceurik aluk-alukan. Sabab Moab

geus remuk dibantingkeun ku Kami, kawas goci anu geus euweuh nu mikabutuh.

³⁹ Moab geus burakrakan. Pek careurik! Moab geus diapeskeun, geus tumpes, kari dilelewe ku bangsa-bangsa sakurilingeunana. Kitu timbalan Kami, PANGERAN."

⁴⁰ Hiji bangsa bakal ngaranggeum Moab, nyamber lir manuk galudra, jangjangna meber,

⁴¹ ngarampas kota-kota jeung benteng-benteng Moab. Kitu ikrar PANGERAN. Ari serdadu-serdadu Moab harita bakal pinuh ku kasieun kawas awewe rek ngajuru.

⁴² Moab bakal ajur lebur moal mangrupa deui bangsa, lantaran geus wani ngalawan ka Kami.

⁴³ Urang Moab keur didodoho ku nu pikasieuneun, ku lombang-lombang jeung ku pitapak. Kitu timbalan PANGERAN.

⁴⁴ Anu kabur nyinkiran pibahlaeun, bakal tigebrus ka jero lombang. Anu bisa keneh hanjat ti jero lombang, bakal karingkus ku eurad. Sabab geus ninggang waktuna Moab ku PANGERAN diancurkeun.

⁴⁵ Para pangungsi anu geus paregat harepan, nyoba-nyoba arek nyalindung ka Hesbon. Tapi eta kota anu kungsi dirajaan ku Raja Sihon teh keur kahuruan. Daerah-daerah tapel wates jeung pagunungan di nagrina jelema-jelema anu resep perang teh geus beak ku seuneu.

⁴⁶ Urang Moab matak watir! Jalma-jalma tukang nyarembah ka Dewa Kamos teh geus tumpur, kari anak-anakna bae awewe lalaki digiring ka tempat boyongan.

⁴⁷ Tapi hiji mangsa bangsa Moab teh ku PANGERAN bakal dimenyatkeun deui. Tah sakitu timbalan PANGERAN perkara tanah Moab.

49¹ Ngeunaan perkara bangsa Amon, kieu timbalan PANGERAN, "Ka marana ari perjurit-perjurit Israil? Kutan teu aya pisan anu bisa ngabela lemah caina? Ku naon diarantep bae tanah kaom Gad dirampas jeung diandih ku umat Dewa Milkom?

²Tapi aya piwaktueunana engke Raba, ibukota nagara maranehanana ku Kami sina eundeur ku perang, sina tumpur, desa-desana ge sina beak dihuru. Ari Israil sina ngarebut deui lemah caina ti nu ngarampas.

³Eh urang Hesbon, pek geura tingjarerit! Kota Ai geus tumpur! Awewe-awewe urang Raba geura aluk-alukan, geura midangdam, jeung marake baju karung nandakeun prihatin! Pek lalumpatan teu puguh nu dijugjug. Dewa maraneh si Milkom bakal digusur ka pangbuangan katut imam-imamna jeung jalma-jalma anu parentingna.

⁴Adigung ku naon maraneh teh, eh jalma-jalma serong hate? Tanaga maraneh geus midek. Ku naon kalah ka gumagah, boga rasa moal aya anu wani?

⁵Maraneh ku Kami rek sina dironom ku nu sarwa pikasieuneun ti unggal juru. Tungtungna kalabur kabeh, tingbalecir ngabelaan nyawa. Balad maraneh moal bisa kumpul deui.

⁶Tapi hiji mangsa bangsa Amon ku Kami rek dimenyatkeun deui. Kitu timbalan Kami, PANGERAN."

⁷Perkara bangsa Edom kieu timbalan PANGERAN Nu Maha Kawasa, "Ari urang Edom naha geus teu baroga pamilih anu bener? Ari juru-juru nasehatna naha geus teu bisa mere nasehat, geus teu barisaeun deui mikir bener?

⁸Eh urang Dedan, mending oge kalabur! Nyarumput! Turunan Esau ku Kami rek ditumpurkeun, geus waktuna ku Kami dihukum.

⁹Jalma-jalma ari maretik anggur teh sok nyesakeun keneh saeutik dina tangkalna. Jeung lamun peutingna aya nu maling, nu dipalingna ngan saperluna bae.

¹⁰Ari turunan Esau mah ku Kami rek sina nepi ka ngaligincing, patempatanana anu rarekep baruni rek dibuliklakkeun, nyumputna moal bisa lila-lila. Kabeh urang Edom bakal tumpes moal aya anu nyesa.

¹¹Tapi randa-randana meunang nyalindung ka Kami. Kitu deui kaom pahatuna serenkeun ka Kami supaya kaurus.

¹²Cacakan anu teu pantes dihukum teu burung dicekok ku hukuman. Na boga panyangka yen maneh baris lolos tina hukuman? Maneh komo, kudu nginum eta cekok hukuman!

¹³Kami pribadi geus sumpah yen kota Bosra bakal suwung jadi tegalan, sina matak keueung anu nenjo. Sina pada ngalelewe, ngaranna sina diparake panyapa ku batur. Desa-desana anu dareukeut bakal tumpur saendeng-endeng. Kitu timbalan Kami, PANGERAN."

¹⁴Ceuk kaula, "Eh Edom, Kami nampa timbalan PANGERAN. Mantenna geus ngintun utusan, nguaran bangsa-bangsa sina ngahijikeun balad-balad, sina sasadiaan pikeun ngarurug ka maneh!"

¹⁵Maneh ku PANGERAN bakal disina hengker, moal aya anu ngahargaan.

¹⁶Maneh geus katipu ku diri sorangan lantaran takabur. Saenyana maneh teh euweuh nu mikasieun. Ceuk rarasaan sorangan bae pada mikasieun soteh, dumeh tempat maneh ayana di puncak gunung luhur, di luhur cadas-cadas anu nangtawing. Tapi sanajan nyayang di nu luhur kawas manuk galudra ge, ku PANGERAN maneh mo burung digejretkeun. Kitu timbalan PANGERAN."

¹⁷Timbalan PANGERAN, "Edom bakal pohara ruksakna nepi ka matak hookeun, matak keueung anu ngaliwat ka dinya.

¹⁸Anu bakal karandapan ku Edom sarua jeung anu karandapan ku Sadumu jeung Gomora, basa eta dua nagri katut kota-kotana anu dareukeut ka dinya ditumpurkeun. Saendeng-endeng moal dicicingan deui, kitu timbalan Kami, PANGERAN.

¹⁹Cara singa anu norojol ti leuweung kai anu rekep di sapanjang Walungan Yordan, terus nonggoh ka sampalan-sampalan anu ngemploh hejo, Kami baris norojol ka tempat urang Edom, sina kalabur sapada harita, ngarejat ti nagrina. Satuluyna Kami rek ngangkat hiji pamingpin pikeun ngatur eta nagri. Cik saha anu bisa nandingan Kami? Saha anu wani nangtang ka Kami? Raja anu kumaha anu pikuateun ngalawan Kami?

²⁰Ku sabab kitu, bandungan ieu niat Kami perkara urang Edom. Bandungan ieu pangersa Kami perkara pangeusi kota Tman. Nepi ka barudakna pisan bakal diseredan, jalma-jalma baris guyur tagiwur.

²¹Upama Edom geus rugrug, sorana gumuruh matak oyag jagat, tingjareritna kadenge ka nu jarauh nepi ka Teluk Akaba.

²²Musuh bakal ngaranggeum Bosra lir manuk galudra nu nyirorot ti awang-awang bari meberkeun jangjang. Hate serdadu-serdadu Edom poe eta teu beda ti hate awewe anu rek ngajuru, pinuh kapaur jeung karisi."

²³Perkara Damsik kieu timbalan PANGERAN, "Pangeusi kota Hamat jeung Arpad ngarasa

hariwang jeung salempang, lantaran nampa
beja-beja goreng. Rasa kasalempangna lir
ombak laut anu daratang pagulung-gulung,
nepi ka maranehna teu bisa ngarasa
tengtrem.

²⁴Tanagana geus leuseuh, tuluy kabur
bakating ku tagiwur. Hatena sarumeblak asa
aya kanyeri cara awewe nu rek ngajuru.

²⁵Nagrina anu sakitu alusna jeung
piakenaheunana teh ngadadak suwung.

²⁶Taruna-tarunana poe eta bakal tumpes
diparaahan di jalan-jalan, serdadu-serdaduna
bakal tumpur.

²⁷Tembok kuta kota Damsik jeung karaton-
karaton Raja Benhadad ku Kami baris dihuru.
Kitu timbalan Kami, PANGERAN Nu Maha
Kawasa."

²⁸Ngeunaan perkara kaom Kedar jeung
distrik-distrik nu dibawah ku kota Hasor, anu
geus eleh ku Raja Nebukadnesar ti Babul tea,
kieu timbalan PANGERAN: "Tarajang urang
Kedar, jeung tumpes jalma-jalma urang tatar
wetan!"

²⁹Kemah-kemahna, ingon-ingonna, tenda-
tenda kemahna jeung sagala eusi kemahna
rampas, kitu deui onta-ontana. Bejakeun ka
maranehna, Maraneh geus kalingkung balahi!

³⁰Eh urang Hasor, Kami PANGERAN
ngabejaan, maraneh mending kalabur,
nyarumput sing jauh. Sabab Raja

Nebukadnesar ti Babul geus niat narajang.

Carekna,

³¹ Eta bangsa urang gempur. Kotana anu majar aman santosa teh geus ngemplong-molongpong euweuh pantoan, euweuh tulakna.

³² Onta-onta jeung ingon-ingonna baris rampaseun. Eta bangsa anu buukna ditarukungan teh ku Kami rek dipabalencarkeun, sina dironom ku balahi ti unggal juru.

³³ Kota Hasor pijadieun suwung salalanggengna. Anu araya di dinya ngan ajag, moal dicicingan deui ku jelema. Kitu timbalan Kami, PANGERAN."

³⁴ Waktu Sidkia anyaran jadi raja di Yuda, PANGERAN Nu Maha Kawasa nimbalan ka kaula perkara nagri Elam.

³⁵ Kieu dawuhana-Na, "Pasukan gondewa nu jadi inti kakuatan nagri Elam, ku Kami rek dibasmi.

³⁶ Elam sina katebak angin ti unggal juru, sina pabalencar ka mana-mendi, nepi ka taya hiji nagri anu henteu kadatangan ku nu ngarungsi ti Elam.

³⁷ Urang Elam sina gimir ku musuh-musuhna anu keur ngarah-ngarah. Amarah Kami bakal ngagugudag. Urang Elam sina ditumpes digempur ku musuhna nepi ka beak.

³⁸ Para raja jeung para pamingpinna ku Kami rek ditumpes, geus kitu Kami rek ngadegkeun tahta Kami di dinya.

³⁹ Tapi ka hareupna mah urang Elam ku Kami rek dimenyatkeun deui. Kitu timbalan Kami, PANGERAN."

50¹ Ngeunaan perkara nagri Babul jeung pangeusina, kieu timbalan PANGERAN ka kaula,

²"Utarakeun ieu seja ka bangsa-bangsa! Uarkeun! Pasang tandana, uarkeun wartana! Ulah aya anu dikilungan! Babul geus rugrug. Dewana, si Merodak geus bubuk! Brahalabrahala kawiwirangan! Dewa-dewana anu najis geus bencar!

³Hiji bangsa ti beulah kaler geus maju rek ngarurug, rek ngosongkeun Babul. Pangeusi Babul, jalma, sato, bakal kalabur. Babul bakal suwung moal aya nu nyicingan deui."

⁴ Timbalan PANGERAN, "Dina mangsa eta, Israil jeung Yuda bakal rawah-riwhi nareangan Kami, Allahna.

⁵ Jeung naranyakeun jalan ka Sion, seug ngajarujug ka dinya. Engke maranehna bakal ngayakeun hiji perjangjian jeung Kami, langgeng moal pegat-pegat.

⁶Eta umat Kami apruk-apruk lir domba anu kasarung nepi ka gunung-gunung, ku nu ngangonna diantep. Utrak-atrok turun gunung unggah gunung, parohoeun ka jalan balik.

⁷ Sajeroning kitu ditarajang ku sakur nu manggihan. Ceuk musuhna, Eta jelema-jelema teh geus boga dosa ka PANGERAN; jadi kalakuan urang ka maranehna teh teu salah. Kuduna mah maranehna teh saratia ngarandel ka PANGERAN cara karuhunna.

⁸ Eh Israil, geura kalabur ti Babul, nyaringkah. Kudu paheula-heula!

⁹ Sabab Babul ku Kami rek disina ditarajang ku bangsa-bangsa anu garagah ti kaler, beunang Kami ngahijikeun, bangsa paninggaran anu kamashur, anu jamparingna tara nyalahana. Ayeuna geus tata baris siap tempur, rek merangan jeung ngelehkeun eta nagri.

¹⁰ Babul bakal diranjah, harta bandana pada nyarokotan sakarep-karep ku musuhna. Kitu timbalan Kami, PANGERAN."

¹¹ Timbalan PANGERAN, "Urang Babul, maraneh geus neungteuinganan ka bangsa Kami, mani barungah, araratoh kawas sapi keur ngirik gandum, kawas kuda keur hohoang.

¹² Ku sabab kitu, ayeuna nagri maraneh sorangan anu sakitu gedena bakal apes, bakal asor. Bangsa Babul bakal jadi pangleutikna di antara bangsa-bangsa sejen. Tanahna bakal garing moal ngambeu-ngambeu cai kawas gurun keusik.

¹³ Babul bakal suwung moal dicicingan deui, bakal tetep jadi gundukan ruruntuhan, nepi

ka matak helok jeung olohok anu ngaliwat ka dinya, sabab Kami geus pohara napsuna.

¹⁴Pasukan gondewa, geura tata baris siap tempur ngepung Babul. Hujanan ku jamparing, sabab geus boga dosa ka Kami, PANGERAN.

¹⁵Hucuhkeun perang di sakuliah eta nagri. Babul taluk. Kuta-kutana bedah, rugrug. Babul keur dibales ku Kami. Pek ku maraneh oge bales sakumaha kalakuanana bareto ka batur.

¹⁶Di tanahna ulah sina aya nu nebarkeun binih atawa dibuat. Urang asing anu hirup di dinya geus harayangeun buru-buru mulang ka nagrina sorangan, sarieuneun ku balad nu keur nempuh."

¹⁷Timbalan PANGERAN, "Urang Israil paburencay lir domba dibeberik ku singa. Mimitina ditekuk ku raja Asur, tuluy ku Raja Nebukadnesar ti Babul dikerekeb tulangna.

¹⁸Raja Asur geus dihukum ku Kami, PANGERAN Nu Maha Kawasa, Allahna Israil. Raja Nebukadnesar oge jeung nagrina tangtu dihukum.

¹⁹Urang Israil rek dipulangkeun ka lemah caina. Bakal bisa ngadalaha deui hasil bumi ti Gunung Karmel jeung ti daerah Basan, kitu deui hasil pepelakan ti daerah Epraim jeung Gilad.

²⁰Dina mangsa eta di Israil moal kapanggih aya dosa, di Yuda moal aya deui kajahatan,

sabab eta umat anu ku Kami dikarikeun teh geus dihampura. Kitu timbalan Kami, PANGERAN."

²¹ Timbalan PANGERAN, "Geura tarajang urang Merataim jeung urang Pekod. Tumpes, tumpurkeun. Jalankeun kabeh parentah Kami. Kitu timbalan Kami, PANGERAN.

²² Eta tanah jadi ngageder ku perang, ruksakna pohara.

²³ Bareto Babul teh lir gegendir ngancur-ngancurkeun jagat. Ayeuna eta gegendir teh geus bubuk! Eta nagri geus ditarajang ku hiji kajadian anu matak hookeun bangsa-bangsa sejen.

²⁴ Eh Babul, maneh geus ngalawan ka Kami. Ayeuna maneh ku Kami karingkus. Maneh teu nyaho yen ku Kami ditaheunan ku pitapak.

²⁵ Kami geus mukakeun tempat nyimpen pakarang Kami; eta pakarang-pakarang ku Kami dikaluar-luarkeun dibarengan ku napsu, sabab Kami, Anu Maha Agung, PANGERAN Nu Maha Kawasa, boga pigaweeun di Babul.

²⁶ Rurug Babul ti unggal juru. Gedor lumbung-lumbung gandumna. Barang-barang gedoranana hunyudkeun sing ngagugunung lir tumpukan gandum! Musnakeun, sing beresih ulah disesakeun.

²⁷ Serdadu-serdaduna paehan, babadan ku pedang! Cilaka urang Babul! Babul geus waktuna dihukum!"

²⁸ (Ceuk kakaburan ti Babul anu daratang ka Yerusalem, Babul teh keur meunang wawales ti PANGERAN Allah urang, tina kalakuanana bareto ngajarah Bait Allah panglinggihana-Na.)

²⁹ Timbalan PANGERAN, "Parentah ku maraneh pasukan ahli mentang panah, kitu deui sakur anu bisa metakeun gondewa jeung jamparing. Kepung eta nagri, ulah aya anu lolos. Bales paningkahna, taur kalakuanana anu bareto, sabab geus wani kurang ajar ka Kami, Anu Maha Suci di Israil.

³⁰ Ku lantaran kalakuanana kitu, taruna-tarunana bakal tumpes diparaehan di jalan-jalan, serdadu-serdaduna bakal ditumpurkeun dina poe eta. Kitu timbalan Kami, PANGERAN.

³¹ Babul! Ieu Kami Anu Maha Agung, PANGERAN Nu Maha Kawasa, geus jadi lawan maneh, lantaran maneh geus sombong ka Kami! Geus waktuna maneh ku Kami dihukum.

³² Bangsa maneh anu kumaki bakal tigedebug, jeung moal aya anu ngahudangkeun. Kota-kota maneh rek dihuru, anu aya sakurilingeunana rek dimusnakeun."

³³ Timbalan PANGERAN Nu Maha Kawasa, "Urang Israil jeung urang Yuda keur dianiaya, dijaga keras ku bangsa anu ngaboyongna, teu meunang ka mana-mana.

³⁴Tapi anu bakal ngajait maranehna teh maha perkasa, jenenganana: PANGERAN Nu Maha Kawasa. Mantenna ku anjeun anu bakal ngangkat maranehna tina kasangsaraan, sarta bakal ngamankeun jagat. Sabalikna urang Babul tangtu bakal cilaka."

³⁵Timbalan PANGERAN, "Gempur Babul! Gempur rahayatna, gempur para kapalana, gempur para bujanggana.

³⁶Gempur tukang-tukang torahna, pohara paralungna! Gempur serdadu-serdaduna, sina kalabur pangacianana.

³⁷Basmi kareta-karetana, tumpes kuda-kudana. Gempur serdadu-serdadu sewaanana, sina beak tanagana! Awut-awut dunyabranana, ranjah, rayah.

³⁸Garingkeun tanahna, saat-saatkeun walungan-walunganana. Sabab Babul pinuh ku arca brahala, anu ngagelokeun urang dinya.

³⁹Eta sababna Babul bakal jadi enggon kelong jeung jurig jeung manuk-manuk najis. Saendeng-endeng hamo dicicingan deui ku jelema.

⁴⁰Babul baris katinggang ku bahla saperti anu ninggang ka Sadumu jeung Gomora waktu eta nagri jeung kota-kota tatanggana dibasmi ku Kami. Hamo aya deui jelema anu ngancik di dinya. Kitu timbalan Kami, PANGERAN.

⁴¹ Babul bakal ditempuh ku balad ti tebeh kaler, ku hiji bangsa digjaya ti nagri jauh; loba pisan raja-raja nu geus rek narajang.

⁴² Marawa gondewa jeung tumbak, dedegler taya rasrasan. Daratangna tumpak kuda, sorana lir laut gumuruh, geus kari der ngagempur Babul.

⁴³ Raja Babul nu ngadenge eta seja, leungeunna mani ngulapes, batiketir tingseleket, cara awewe nu rek ngajuru.

⁴⁴ Jeg singa ti leuweung sapanjang Walungan Yordan norojol ka tengah-tengah domba di sampalan hejo ngemphoh, nya kitu pisan Kami, PANGERAN bakal ngadadak ngadatangan urang Babul, nepi ka maranehna kalabur ti nagrina. Eta nagri satuluyna baris dicangking ku hiji jelema beunang Kami milih. Karana, saha anu sarua jeung Kami? Saha nu wani nangtang ka Kami? Raja mana nu tagen ngayonan Kami?

⁴⁵ Jadi, darengekeun ieu putusan Kami perkara nagri Babul, kitu deui pangersa Kami ka urang dinya. Maranehna, malah barudakna pisan bakal diseredan, bakal pinuh ku kagimir.

⁴⁶ Waktu Babul engke rugrug, jagat ear bumi genjlong, bangsa-bangsa bakal ngadareng anu tingkaroceak."

51 ¹Timbalan PANGERAN, "Kami rek ngadatangkeun angin pikeun ngabasmi Babul katut pangeusina.

²Kami rek ngadatangkeun bangsa asing, sina ngaruksak Babul lir angin niup jarami nepi ka ledis. Lamun waktuna geus datang, eta bahla baris kacida ngaruksakna, sarta datangna ti unggal juru, nepi ka eta nagri jadi suwung.

³Tentarana, sing ulah nepi ka bisa melesatkeun panah, atawa nerapkeun baju beusina. Nu ngarorana ulah aya nu dihirupan. Pasukan baladna ancur leburkeun!

⁴Sina paraeh kasambut di jalan-jalan di saban kotana.

⁵Kami, Allah, PANGERAN Nu Maha Kawasa can kungsi ninggalkeun Israil jeung Yuda, sanajan maranehna teh geus boga dosa ka Kami, Nu Maha Suci di Israil.

⁶Geura kalabur ti Babul! Tareangan pisalameteun! Ulah nepi ka tariwas ku karana dosa Babul. Sabab ayeuna Kami rek ngabales ka Babul, ngahukum satimpal jeung kalakuanana.

⁷Babul tadina saperti gelas emas anu dicekel ku Kami, sarta geus ngamabokan saalam dunya. Bangsa-bangsa ngarinum anggur tina eta gelas nepi ka laleungit ingetanana.

⁸Babul ngadadak ambruk, geus ditumpurkeun! Geura caleungceurikan! Geura alubaran raheut-raheutna sugar cageur deui.

⁹Urang asing anu araya di dinya ngaromong kieu, Urang geus nyoba nulungan Babul, tapi

geus teu kaburu. Geus, urang balik. Babul ku Allah geus dihukum beurat pisan, geus ditumpes sama sakali."

¹⁰Dawuhan PANGERAN, "Kieu ceuk umat Kami, PANGERAN geus netelakeun yen urang teh bener. Hayu eta padamelan PANGERAN, Allah urang teh urang caritakeun ka sakur nu aya di Yerusalem."

¹¹PANGERAN geus ngangsonan raja-raja Media, sabab Mantenna kagungan maksud ngancurkeun Babul. Kitu cara Mantenna bakal ngabales, lantaran Babul geus ngaruksak Bait Mantenna. Perwira-perwira anu mingpin serangan marentah, "Seukeutan jamparing! Parake tameng!"

¹²Bere tangara pikeun ngamimitian ngagempur kuta Babul. Tohagaan pangjagaan! Eusian sakabeh pos! Sadiakeun pasukan pikeun ngabongohan!" PANGERAN geus ngalaksanakeun pangandika-Na, hal pangersa-Na ngeunaan urang Babul.

¹³Eta nagri loba walunganana, loba kakayaanana, tapi ayeuna mah lalakon hirupna geus tamat, nyawana geus paragat.

¹⁴PANGERAN Nu Maha Kawasa geus sumpah nyebat salira-Na ku manten, baris ngadatangkeun jalma-jalma anu lobana lir simeut geusan ngarurug Babul. Maranehna bakal sarurak lantaran unggul.

¹⁵PANGERAN ngajadikeun bumi ku pangawasa-Na; ngajadikeun alam dunya jeung mentangkeun langit ku hikmah-Na.

¹⁶Ku pangandika-Na cai nu di awang-awang gumuruh, mega ti tungtung-tungtung bumi sina kumpul. Kilat sina tingjorelat satengahing hujan, angin ribut dibudalkeun ti gudangna.

¹⁷Nenjo nu sarupa kitu, jalma-jalma kasima rumasa teu daya teu upaya; tukang nyarieun arca ngarasa kuciwa, dumeh dewa-dewa bubuatanana palsu, euweuh nyawaan.

¹⁸Kabeh ge gapong, hinakeuneun; dina waktuna mah ku PANGERAN baris dibasmi.

¹⁹Allahna Yakub mah henteu kawas maranehna, da nya Mantenna nu ngadamel saniskara, sarta nya Mantenna nu ngangkat urang Israil jadi umat Mantenna. Ari jenengana-Na PANGERAN Nu Maha Kawasa.

²⁰Dawuhan PANGERAN, "Eh Babul, maneh teh gada Kami, pakarang perang Kami. Maneh ku Kami dipake pikeun ngaremukkeun bangsa-bangsa jeung karajaan-karajaan.

²¹Ngancurkeun kuda jeung nu tarumpakna, ngancurkeun kareta jeung nu tarumpakna,

²²ngajagal jelema-jelema, awewe lalaki, anu karolot nu ngarora, barudak lalaki barudak awewe,

²³meuncitan tukang-tukang ngangon jeung domba-dombana, nu keur ngawaruluku jeung mundingna, numpes pamarentah katut para pajabatna."

²⁴ Dawuhan PANGERAN, "Baris kasaksian ku maneh, Babul katut rahayatna ku Kami dibales kalakuanana nu geus ngaruksak Yerusalem.

²⁵ Eh Babul, maneh teh ibarat gunung anu ngaruksak saalam dunya. Tapi ieu Kami, PANGERAN musuh maneh. Maneh ku Kami tangtu dicerek, dibantingkeun jeung diantep ngagoler dina kekebul.

²⁶ Batu-batu urut ruruntuhan maneh moal aya nu kapake deui pikeun wawangunan. Kitu timbalan Kami, PANGERAN.

²⁷ Bere tangara geusan narajang! Tiup tarompet sina kadarengeeun ku bangsa-bangsa. Siapkeun bangsa geusan merangan Babul! Bejaan karajaan-karajaan Ararat, Mini jeung Askenas sina buru-buru narajang. Pilih perwira pikeun mingpin. Langkeun pasukan kuda masing nakleuk kawas simeut.

²⁸ Siapkeun bangsa geusan merangan Babul. Teang raja-raja Media, para pamingpin jeung para pajabatna katut angkatan perang sakabeh nagri jajahanana.

²⁹ Bumi eundeur jeung genjlong, sabab PANGERAN keur ngarobah Babul jadi gurun keusik nu suwung.

³⁰ Perjurit-perjurit Babul geus teu bisa neruskeun tarung, nyarempod di jero bentengna, masing-masing. Geus leungit wawanenna, geus kawas awewe bae.

Gapura-gapura kota geus dirarubuhkeun,
imah-imahna geus dihuru.

³¹ Utusan-utusan geus bur-ber mawa beja
ka raja Babul yen benteng kotana geus
diancurkeun ditarajang ti ditu ti dieu.

³² Musuh geus ngarampas walungan
peupeuntasan sarta benteng-benteng geus
dihuru. Tentara Babul geumpeur.

³³ Moal lila deui ge baris kasarambut
jeung diidek-idek kawas gandum diirik. Kitu
timbalan Kami, PANGERAN Nu Maha Kawasa,
Allahna urang Israil."

³⁴ Raja Babul geus maehan Yerusalem, terus
dihakan. Kotana dikuras kawas ngosongkeun
kendi; tuluy kabeh diteureuy buleud, teu
beda ti naga. Nu dipikahayangna dipilihan,
sesana dibalang-balangkeun.

³⁵ Pek urang Sion, geura ngucap kieu,
"Muga-muga Babul katulah bongan geus
ngarogahala ka urang!" Pek urang Yerusalem,
ngucap kieu, "Muga-muga Babul katulah
bongan geus nyangsara ka urang!"

³⁶ Geus kitu PANGERAN ngadawuh ka urang
Yerusalem, "Perkara maneh ku Kami rek
dibela. Sagala kalakuan musuh maneh ku
Kami rek dibales. Sumber-sumber cinyusu
jeung walungan-walungan di Babul rek disina
gararing.

³⁷ Eta nagri baris jadi ruruntuhan, jadi
enggon sato-sato leuweung. Katenjona matak

keueung, suwung taya nu ngeusian, matak
kukurayeun sakur nu ngalanto ka dinya.

³⁸ Urang Babul tinggalaur kawas singa,
tinggarereng kawas anak singa.

³⁹ Lain rakus maranehna teh? Keun, ku
Kami rek disadiaan hakaneun, sina pesta
sukan-sukan nepi ka marabok. Sina nepi ka
harees jeung ulah bisa nyararing deui.

⁴⁰ Lamun geus kitu ku Kami rek diakutan
tuluy dipeuncitan moal beda ti anak domba,
embe jeung badot. Kitu timbalan Kami,
PANGERAN."

⁴¹ Kieu timbalan **PANGERAN** ngeunaan
Babul, "Kota nu diagung-agung ku sadunya
teh geus dijabel! Estu matak sumeblak ka
bangsa-bangsa nu nyaksianana.

⁴² Geus kalembak jeung kaliputan ku laut nu
ombakna tingjelegur.

⁴³ Kota-kotana matak ketir katembongna
jeung geus teu beda ti tegalan nu tara
kasorang cai, taya pisan nu nyicingan malah
tara aya anu liwat-liwat acan.

⁴⁴ Dewa Bel, dewa nagri Babul ku Kami baris
dihukum, emas-emas beunangna malingan
sina dipasrahkeun ka Kami; bangsa-bangsa
geus moal maruja deui ka dinya. Kuta-kuta
Babul geus rubuh.

⁴⁵ Eh urang Israil geura nyalingkir ti dinya!
Salametkeun diri, ulah karerab ku amarah
Kami.

⁴⁶ Ulah rentag atawa kasima ku dedengean. Da unggal taun oge seja-beja pikarentageun teh rupa-rupa aya seja anu nyaritakeun katelengesan di jero nagri, aya anu nyaritakeun raja merangan raja deui.

⁴⁷ Mun geus kitu tandaning geus meujeuhna waktuna Kami ngahukum brahala-brahala Babul. Sakuliah nagrina baris ngarasa wirang. Jelema-jelemana kabeh ditumpes.

⁴⁸ Lamun Babul geus kajabel ku jelema-jelema nu datangna ti kaler, sarta geus diancurkeun, sakur nu di bumi jeung di langit bakal sarurak ku bungah-bungahna.

⁴⁹ Babul geus ngalantarankeun tiwasna manusa di saalam dunya. Ayeuna ku lantaran geus maehan bangsa Israil anu sakitu lobana, Babul baris runtuh. Kitu timbalan Kami, PANGERAN."

⁵⁰ Dawuhan PANGERAN ka umat-Na nu di Babul, "Maraneh geus luput tina banya maot. Geuwat nyalingkir! Ulah talangke! Sanajan jauh ti lemah cai masing inget ka Kami, PANGERAN maraneh, jeung ka Yerusalem.

⁵¹ Ceuk maraneh, Kuring geus dihinakeun, diwiwirang, geus taya pisan harepan, lantaran tempat suci di Bait Allah geus karampas ku musuh.

⁵² Ayeuna ceuk Kami, geus datang waktuna Kami baris ngahukum brahala-brahala Babul sarta nu taratu bakal tinggarerung di sakuliah nagri.

⁵³ Sanajan upama Babul bisa ngejat ka awang-awang tuluy ngadegkeun benteng tohaga di dinya, mo burung disusul ku jelema-jelema jurungan Kami supaya ditumpes. Kitu timbalan Kami, PANGERAN."

⁵⁴ Dawuhan PANGERAN, "Dengekeun sora anu careurik di Babul, nyeungceurikan nagri nu geus ancur.

⁵⁵ Babul ku Kami keur digempur, karameanana keur dijemplingkeun. Balad musuh muru lir ombak gumuruh, tuluy narajang bari tinggorowok.

⁵⁶ Daratangna rek ngabasmi Babul; rek nangkepan serdadu-serdaduna, mingges-minggeskeun gondewana. Kami teh Allah anu ngahukum kajahatan. Babul rek dihukum satimpal jeung kajahatanana.

⁵⁷ Para kawasana rek disina marabok nu palinterna, para pamingpinna, tentarana. Maranehna sina harees, sina ulah harudang deui. Kitu timbalan Kami, nu jadi Raja, PANGERAN Nu Maha Kawasa.

⁵⁸ Kuta-kuta Babul nu tohaga baris rugrug, gapura-gapurana nu laluhur baris beak dihuru. Hasil gawe bangsa-bangsa kabeh ge taya gunana. Sakabeh hasil usahana beak ku seuneu. Kitu timbalan Kami, PANGERAN Nu Maha Kawasa."

⁵⁹ Raja Sidkia kagungan pangawal pribadi, ngaranna Seraya anak Neria, incu Mahseya. Dina taun kaopat Sidkia jadi raja Yuda,

Seraya milu ka anjeunna ka Babul. Harita manehna ku kaula dibere rupa-rupa amanat.

⁶⁰Eta amanat ku kaula dituliskeun dina buku, eusina ngeunaan sagala rupa kacilakaan anu baris tumiba ka Babul, nya kitu deui sagala rupa perkara sejenna ngeunaan Babul.

⁶¹Kieu ceuk kaula ka Seraya, "Upama anjeun geus di Babul, sakur anu dituliskeun dina ieu buku kudu dibacakeun sing bedas ka urang dinya.

⁶²Geus kitu anjeun kudu sembahyang kieu, Nun PANGERAN, Gusti parantos ngadawuh baris ngabasmi ieu tempat dugi ka moal aya deui mahluk nu hirup di dieu, boh jalmi boh sasatoan, sareng ieu tempat baris jadi salalanggengna.

⁶³Sanggeus tamat dibaca, ieu buku ku anjeun kudu ditalian jeung dibabandulan ku batu, tuluy alungkeun ka Walungan Eprat,

⁶⁴bari ngucap kieu, Nya baris kieu pijadieunana Babul, nya eta bakal tilelep, moal timbul-timbul deui, sabab baris dibasmi ku PANGERAN." Sakitu amanat Yermia.

52¹Waktu Sidkia jadi raja Yuda, yuswana dua puluh hiji taun jeung marentahna di Yerusalem meunang sabelas taun. Ari jenengan ibuna Hamutal putra Yermia urang kota Libna.

²Raja Sidkia ngalampahkeun dosa ka PANGERAN, teu beda ti Raja Yoyakim bae.

³PANGERAN kacida benduna ka urang Yerusalem jeung Yuda, nepi ka maranehanana disingkirkeun ti payuneuna-Na. Sidkia ngalawan ka Raja Nebukadnesar, raja nagri Babul.

⁴Ku sabab kitu Nebukadnesar nyandak balad tuluy nempuh Yerusalem dina tanggal sapuluh bulan sapuluh taun kasalapan pamarentahan Sidkia. Baladna nyarieun pakemahan di luareun eta kota, nyieun tembok-tembok pangepungan di sakurilingna.

⁵Eta kota terus dikepung nepi ka taun anu kasabelas pamarentahan Raja Sidkia.

⁶Dina tanggal salapan bulan opat taun eta, dina keur meumeujeuhna diamuk ku banya kalaparan nepi ka rahayat geus teu baroga pisan dahareun,

⁷kuta eta kota geus bisa ditorobos ku musuh. Tapi tentara-tentara nagri Yuda kabeh kalabur ti peuting, sanajan sakitu dikepungna oge ku urang Babul. Kalaburna make jalan ka taman karajaan, ngaliwatan gapura nu nyambungkeun tempat patetpungna dua kuta, ti dinya terus muru ka Lebak Yordan.

⁸Tapi Raja Sidkia diudag ku balad Babul, nepi ka katangkep di hiji tegal deukeut Yeriho, ditaringgalkeun ku sakabeh baladna.

⁹Sidkia dibawa ka Raja Nebukadnesar nu keur calik di kota Ribla di wewengkon Hamat, ti dinya anjeunna ku Nebukadnesar ditibanan hukuman.

¹⁰Di Ribla putra-putra Sidkia dipaehan di payuneun Sidkia pisan, kitu deui para pajabat nagri Yuda.

¹¹Geus kitu Sidkia dicokel socana, tuluy dirante sarta dibawa ka Babul. Di Babulna dipanjara nepi ka pupusna.

¹²Dina tanggal sapuluh bulan kalima taun kasalapan Nebukadnesar jumeneng raja di Babul, Nebusaradan, anu jadi jurunasehat raja sarta panglima perang asup ka Yerusalem.

¹³Bait Allah, karaton jeung imah jalma-jalma penting di Yerusalem ku manehna dihuru;

¹⁴tembok benteng kotana diruntuh-runtuhkeun ku serdadu-serdaduna.

¹⁵Ti dinya sakur nu araya keneh di eta kota, patukangan anu harirup keneh jeung jalma-jalma anu tadina bariluk ka urang Babul, ku Nebusaradan diakut ka Babul.

¹⁶Tapi ari jalma-jalma anu mariskin di Yuda mah, nya eta nu teu boga nanaon, ku manehna diantep sina caricing di dinya, dititah ngebon anggur jeung melak gandum.

¹⁷Jeung deui urang Babul teh ngancurkeun pilar-pilar tambaga nu di Bait Allah katut papadatianana, nya kitu deui paso tambagana, seug eta tambaga teh diakut kabeh ka Babul.

¹⁸Singkup-singkup jeung wadah lebu paranti ngosokan altar, jeung parabot-parabot paranti meresihan lampu-lampu, baskom-

baskom paranti nandean getih sato kurban,
parukuyan-parukuyan katut barang-barang
parunggu lianna keur kaperluan di Bait Allah,
eta oge diarakutan.

¹⁹ Kitu deui sagala rupa nu dijieun tina perak jeung emas kayaning: mangkok-mangkok leutik, panci-panci wadah ruhak, mangkok-mangkok wadah getih sato kurban, wadah-wadah lebu, suku-suku lampu, mangkok-mangkok wadah seuseungitan jeung mangkok-mangkok paranti ngawadahan anggur kurban.

²⁰ Barang-barang tambaga beunang ngadamel Raja Suleman pikeun kaperluan Bait Allah, nya eta dua pilar, papadatian, paso gede katut dua belas sasapian pananggeuyna, anu beuratna geus moal bisa ditimbang.

²¹ (52: 21-22) Pilar anu dua tea ukuranana sarua luhurna 8 meter, ukuran buleudna 5,3 meter. Kosong di tengahna, kandelna 75 milimeter. Di tungtungna masing-masing aya mamakutaan tina tambaga keneh anu luhurna 2,2 meter sarta di sakurilingna dihias ku anyaman digantungan dadalimaan, kabeh tina tambaga.

²² (52: 21)

²³ Dadalimaan anu ngagarantung dina anyaman dina tiap pilar lobana saratus siki. Tapi anu tembong ti handap mah, masing-masing ngan salapan puluh genep.

²⁴ Satuluyna Panglima Nebusaradan nangkep Seraya, Imam Agung, Sepanya imam kadua jeung tilu urang deui pajabat penting Bait Allah.

²⁵ Ti jero kota anu ditangkep teh nya eta panglima pasukan-pasukan, tujuh urang juru nasehat pribadi raja nu araya keneh di kota, sarta wakil panglima purah nyatetkeun laporan katentaraan, jeung genep puluh jelema penting sejenna.

²⁶ Ku Nebusaradan maranehna dibawa ka raja Babul nu keur calik di kota Ribla,

²⁷ di wewengkon Hamat. Maranehna di dinya ku raja disiksa nepi ka maraotna. Jadi urang Yuda teh diakut ka pangbuangan.

²⁸ Jalma-jalma anu ditawan jeung diboyong ku Nebukadnesar teh kieu berendelanana: dina taun katujuh jadina raja, anjeunna ngaboyong 3.023 urang;

²⁹ dina taun kadalapan belas, 832 urang ti Yerusalem;

³⁰ dina taun kadua puluh tilu 745, diboyongna ku Nebusaradan. Jumlah anu dibaroyong teh kabehna 4.600 urang.

³¹ Sanggeus Yoyakin raja Yuda dipanjarana di pangbuangan meunang 37 taun, dina tanggal dua puluh lima bulan kadua belas taun eta, meunang piwelas ti Ewil Merodak raja Babul gaganti Raja Nebukadnesar, sarta dikaluarkeun ti jero panjara.

³² Ewil Merodak hade pisan ka anjeunna sarta maparin kalungguhan nu leuwih mulya ti batan anu dipaparinkeun ka raja-raja sejenna anu dibaroyong ka Babul jeung anjeunna.

³³ Ku kituna Yoyakin diidinan ngaganti papakean panjarana ku papakean biasa sarta saumur hirupna meunang tuang sameja jeung raja.

³⁴ Saumur hirupna kaperluan sapopoena dicukup ku raja.

Ratapan

1 ¹Yerusalem, urut sakitu gegekna ayeuna jadi nunggelis! Bareto dihormat ku saalam dunya, ayeuna jadi saperti randa. Urut kota pangmulyana, ragrag jadi abid hina.

²Bati ceurik melas-melis sapeupeuting, pipi lantis ku cipanon. Urut sobat-sobatna taya anu datang ngabeberah anu ngahariji jeung manehna jadi ngahianat sarta jadi lawanna.

³Urang Yuda jaradi abid nu taya daya, dipaksa indit ti lemah cai, hirupna di nagri batur, teu boga tempat akuan, dilingkung ku musuh-musuh, taya jalan geusan ngejat.

⁴Geus taya nu indit ka Bait Allah, geus taya nu babakti dina poe-poe nu suci. Mojang-mojang panyanyina nalangsa, imam-imamna bati rumahuh. Di gapura-gapura taya jalma, Kota Sion diliputan kasedihan.

⁵Musuh-musuhna geus hasil, maranehna ngawasaan Sion. Dirina ku PANGERAN disina lara, lantaran loba dosana, anakna kabeh ditawan, diakut ka pangbuangan.

⁶Kamulyaan Yerusalem ngan kari urutna. Para pamingpinna kawas uncal nu geus lungse kalaparan, waktu kabur ti nu ngudag, tanagana geus meh musna.

⁷Sanggeus rubuh jeung sangsara,
Yerusalem ingeteun ka jaman mulyana

baheula. Sanggeus beunang ku musuhna, saurang taya nu bela. Malah rubuhna diseungseurikeun ku musuhna.

⁸Musna kahormatanana, taranjang pada ngahina. Bati sasambat bari nyumputkeun beungeutna lantaran era. Yerusalem geus ngotoran dirina ku dosa anu kacida rujitna.

⁹Najisna tetela pisan, tapi manehna geus teu tolih kana nasibna. Rubuhna parna kacida, tur taya nu sanggup ngupahan. Musuhna unggul, manehna mah bati sasambat ka PANGERAN menta dikarunyaaan.

¹⁰Harta bandana beak diranjah ku musuh. Malah nepi ka kudu nenjo maranehna arasup ka Bait Allah, anu ku PANGERAN dilarang diasupan ku jalma nu lain umat-Na.

¹¹Rahayatna rarumahuh nareangan dahareun, nalukeurkeun barangna kana kadaharan asal bisa hirup. Seug eta kota ngoceak, "Duh PANGERAN, tingali kabalangsakan abdi."

¹²"Tenjo ieu kuring," pokna lumengis ka sakur nu ngaliwat. "Moal aya nu meunang kanyeri saperti kuring kanyeri anu dikeunakeun ku PANGERAN, waktu keur bendu ka kuring.

¹³Mantenna ti luhur ninggangan ku seuneu hurung, ngaduruk tulang-tulang kuring. Ti hareup masang pitapak, nepi ka kuring tikusruk, lur dikantun, nandangan kanyeri teu eureun-eureun.

¹⁴ Kabeh dosa-dosa kuring ku Mantenna diimeutan, dihijkeun terus dibeungkeut, tuluy digantungkeun dina beuheung kuring nepi ka kuring beak tanaga, kuring diserenkeun ka musuh, taya petana ngalawan.

¹⁵ Pangeran ngagumujengkeun prajurit-prajurit kuring nu pangbedasna. Mantenna ngintunkeun balad musuh, sina ngabasmi nonoman-nonoman kuring, rahayat kuring ku Mantenna dileyek kawas anggur dina pameresan.

¹⁶ Eta sababna cipanon kuring teu saat-saat. Batur teu bisa ngalilipur, taya nu bisa negerkeun hate. Kuring geus rubuh ku musuh, rahayat jadi muluntu.

¹⁷ Kuring ngacungkeun leungeun menta dibantu, tapi euweuh nu daekeun. PANGERAN manggil musuh-musuh, sina nempuh ti ditu ti dieu. Kuring ku musuh dileyek kawas geugeuleuh.

¹⁸ Tapi eta teh ku sabab PANGERAN adil, salah kuring, mungpang ka Mantenna. Dengekeun, eh rahayat di mana-mana, tenjo ieu kuring nandangan kanyeri, jajaka-jajaka jeung mojang-mojang kuring jaradi babandan.

¹⁹ Menta tulung ka sobat-sobat tapi kabeh ararembungeun. Imam-imam jeung para pamingpin, paraeh di jalan-jalan kota sabot nareangan dahareun sangkan bisa hirup.

²⁰Duh PANGERAN, tingali kasangsaraan abdi, tingali batin abdi nu nalangsa. Hate abdi ancur kaduhung ku dosa-dosa. Kaluar beunang ku jagal, di jero aya malakalmaot.

²¹Dangukeun panyambat abdi, da jalmi mah taya nu sanggup ngupahan. Nu bungah teh musuh, ningal abdi meunang musibat ti Gusti. Mugi buktoskeun waktos anu ku Gusti dijangji, musuh-musuh abdi sing sangsara, sapertos abdi ayeuna.

²²Perhatoskeun sagala kajahatanana. Hukum maranehna, sakumaha Gusti ngahukum dosa abdi. Abdi humarurung nandangan sangsara, hate pinuh ku nalangsa."

2¹Ku bendu-benduna Pangeran, Sion dirungkup ku poek. Kaendahanana anu lir sawarga, sina lebur burakrakan. Ku bendu-benduna Pangeran, Bait-Na ge nepi ka teu ditolih.

²Tiap desa di Yuda ku Pangeran dibasmi taya kawatir. Benteng-benteng papayung nagrina dirubuh-rubuhkeun. Karajaanana katut para kawasana, diragragkeun jadi hina.

³Sajeroning benduna, Pangeran ngancurkeun kakuatan Israil. Waktu musuh datang, urang menta tulung ku Mantenna teu didangu. Kawas seuneu anu ngamuk, Mantenna ngancurkeun sagala rupa.

⁴Mantenna saperti musuh, ka urang mentang-mentangkeun jamparing-Na.

Jalma-jalma nu matak resep jeung bungah,
ku Mantenna dipaehan kabeh. Di dieu di
Yerusalem, urang ngarasa panas bebendu-Na.

⁵ Kawas musuh bae, Pangeran ngagempur
Israil. Benteng-benteng jeung karaton-
karatonna dijadikeun ruruntuhan. Urang Yuda
disina sangsara sapapanjangna.

⁶ Bait Allah, tempat Mantenna dibakti, eta
ge diburak-barik, poe-poe suci jeung poe
Sabat dieureunkeun. Raja jeung imam-imam
katibanan bebendu-Na.

⁷ Pangeran nolak altar-Na, ngantunkeun
Bait-Na nu suci, ngidinan musuh ngancurkeun
tembok-tembokna. Di tempat urang babakti,
musuh nyurakkeun kaunggulanana.

⁸ PANGERAN enggeus mutus yen tembok-
tembok Sion kudu rugrug. Memang ku
Mantenna geus diukur supaya rugrug sama
sakali. Munara-munarana, kuta-kutana,
ayeuna kari ruruntuhanana.

⁹ Lawang-lawang gapura kaurugan
ruruntuhan, tulak-tulak papalangna parotong.
Raja jeung para bangsawan ayeuna araya di
pangbuangan. Hukum Musa teu diwulangkeun
deui, nabi-nabi geus tara meunang ilham ti
PANGERAN.

¹⁰ Urang Yerusalem nu geus karolot,
tinghareruk alandiprek dina taneuh, sirahna
dilebuan, awakna marake baju karung.
Mojang-mojang ngaheluk tarungkul kana
taneuh.

¹¹ Panon kuring carindul balas ceurik, batin ngenes ngangres. Beak-beak nya nalangsa, ningal dulur-dulur tumpur. Barudak leutik jeung orok kapaehan di jalan-jalan kota.

¹² Careurik ema-emaan, kalaparan jeung kahalabhaban. Tingkudupruk di jalan-jalan kawas ku raheut, lalaunan paraeh dina lahunan indungna.

¹³ Duh Yerusalem, Yerusalem kadeudeuh! Naon nu kudu diucapkeun ku kuring? Kumaha petana ngalilipur anjeun? Da can aya anu sangsarana cara anjeun mah. Kacilakaan anjeun taya watesna saperti lautan, lain tulunganeun deui.

¹⁴ Anu ku nabi-nabi diomongkeun ka anjeun teh tipu jeung bohong. Maranehna tara tara nyebutkeun yen anjeun dosa, nepi ka anjeun boga pikiran teu perlu tobat.

¹⁵ Sakur anu laliwat ka dieu, nenjona ka anjeun pinuh ku panghina, ngagodegkeun sirah bari nyeungseurikeun ruruntuhan Yerusalem, "Kutan ieu kota nu endah kaagulan sadunya teh?"

¹⁶ Musuh-musuh ka anjeun maroyok bari merong bangun ijid, biwirna tingjarebi ngahina, "Geus ancur tah ku urang! Nya ieu poe anu diarep-arep ku urang teh!"

¹⁷ PANGERAN geus ngabuktikeun ancamana-Na: Ngabasmi urang taya kawatir, sakumaha ancamana-Na bareto. Musuh urang disina unggul, sina atoheun nenjo urang rubuh.

¹⁸Duh Yerusalem, kuta-kuta anjeun sina sasambat ka Pangeran. Kocorkeun cipanon beurang peuting kawas walungan, ceurik terus tong eureun-eureun nepi ka cape.

¹⁹Sapeupeuting hees lilir deui, lilir deui, sasambat ka Allah. Ucutkeun eusi hate, menta sangkan Mantenna watir ka anak-anak anjeun, anu sakarat di juru-juru jalan lantaran kalaparan.

²⁰Duh PANGERAN, tingali ieu kenging Gusti nyasaak! Para indung dugi ka tega ngahakan anak anu tuman dititimang. Imam-imam, nabi-nabi, diparaehan di jero Bait Gusti pisan.

²¹Kolot, ngora, tinglalonjor sajajalan. Jajaka-jajaka, mojang-mojang, ngababatang beunang nyabetan ku pedang, ku Gusti dipeuncitan taya kawelas, sajeroning Gusti bendu.

²²Musuh-musuh abdi ku Gusti diondang sina pesta kakejeman sakurilingeun abdi. Dina dintenan Gusti bendu, abdi-abdi taya anu bisa luput. Pun anak sadaya, buah ati kembang rasa, tumpes tumpur diparaehan ku musuh.

3¹Kuring teh jalma nu geus ngarasa
sangsarana dihukum ku Allah.

²Ku Mantenna terus disedek-sedek, beuki jero, ka nu poek,

³bari haben diteunggeulan, disiksa taya welasna.

⁴Saluar awak eumeur jeung barohak, tulang-tulang parotong.

⁵ Ku Mantenna dikurung di jero panjara
kaliwung jeung kalaraan,

⁶ dipaksa cicing di nu poek mongkleng,
poekna alam maot.

⁷ Kuring dicangcang ku rante, jadi sakitan
anu pamohalan bisa kabur.

⁸ Jejeritan menta tulung ge ku Allah henteu
didangu.

⁹ Mun leumpang jajarigeugan, kapeungpeuk
sakurilingna ku tembok batu.

¹⁰ Mantenna ngadago kawas biruang, tuluy
ngarontok saperti singa.

¹¹ Kuring diudag kaluar ti jalan, disasaak,
tuluy ditinggalkeun.

¹² Mantenna mentang gondewa, jamparing-
Na ditojokeun ka kuring,

¹³ tuluy dilepas-lepaskeun narancleb jero
kana awak.

¹⁴ Sapoe jeput kuring pada nyeungseurikeun,
ku jalma-jalma dijieun bahan luluonna.

¹⁵ Sangsara nu pait peuheur, eta keur
dahareun jeung inumeun kuring ti Mantenna.

¹⁶ Beungeut kuring ku Mantenna diasah kana
taneuh, huntu parunglak dibenturkeun kana
batu.

¹⁷ Kuring geus poho, kumaha rasana sehat,
kumaha rasana tengtrem jeung bagja.

¹⁸ Samar bisa hirup lila, harepan ka
PANGERAN geus leungit.

¹⁹ Ari ras kana kanyeri tur teu boga tempat
cicing, karasana lir racun pait.

²⁰ Hal ieu teu weleh jadi pikiran, jadi bangbaluh hate.

²¹ Ngan hadena pangharepan timbul deui, lamun inget yen:

²² Asihing PANGERAN teh taya kandegna, welas-Na taya suda-Na,

²³ tetep seger lir hawa isuk, tur pasti lir surya medal.

²⁴ Kaboga kuring ngan PANGERAN, harepan ngan ka Mantenna.

²⁵ PANGERAN teh murah asih ka nu ngandel ka Mantenna.

²⁶ Hade lamun urang sabar, nunggu wancina urang dijait ku Mantenna.

²⁷ Malah mun urang ti ngongora diajar sabar kitu, eta teh utama pisan.

²⁸ Mun urang meunang kasusah, bawa diuk nyorangan bari sabar nyicingkeun diri,

²⁹ tungkul sumerah, sabab bisa jadi harepaneun aya keneh.

³⁰ Panyiksa, panghina, ulah weleh tarimakeun.

³¹ Pangeran teh maha welas, moal salawasna ngantepna ka urang.

³² Mantenna sok maparin duka lara, tapi pasti jeung teguh asih-Na.

³³ Najan maparin kasedih atawa kanyeri, saenyana Mantenna henteu iklaseun.

³⁴ Pangeran uninga waktu hate urang ancur di jero panjara.

³⁵ Mantenna uninga, waktu hak-hak urang paparin Mantenna dipungkir ku batur,

³⁶ uningaeun waktu kaadilan diputer balik di pangadilan.

³⁷ Ngan pangersa Pangeran bae nu pasti baris ngajadi.

³⁸ Hade jeung jahat bisa jalan ngan ku karana parentah Mantenna.

³⁹ Jadi lamun ku karana dosa sorangan urang dihukum ku Mantenna, ku naon make ngarasula?

⁴⁰ Lenyepan lalampahan urang, tuluy balik deui ka PANGERAN.

⁴¹ Bukakeun hate ka Allah di sawarga, sarta ngadoa,

⁴² "Abdi-abdi parantos dosa, ngalawan, sareng Gusti, nun PANGERAN, teu kersa ngahampura.

⁴³ Gusti ngudag-ngudag, ngabinasa abdi sadaya, kawelas Gusti kasilep ku bendu.

⁴⁴ Mega bebendu Gusti kacida kandelna, teu tiasa katembus ku paneda abdi sadaya.

⁴⁵ Abdi sadaya ku Gusti didamel pangruntahan saalam dunya.

⁴⁶ Dicarekan sareng dipoyok ku sadaya musuh.

⁴⁷ Nyorang cilaka dugi ka runtuh lebur hirup dirung ku bahla sareng kasieun.

⁴⁸ Cipanon bedah, caah sapertos walungan nyeungceurikan bangsa abdi nu parantos ruksak.

⁴⁹ Kuring moal eureun-eureun ngocorkeun cipanon,

⁵⁰ nepi ka PANGERAN neuteup ti sawarga sarta merhatikeun ka urang.

⁵¹ Hate kuring ngangres nenjo anu tumiba ka para wanita di jero kota.

⁵² Kawas manuk, kuring ditaheunan ku musuh anu ngewaeun teu puguh-puguh.

⁵³ Digebruskeun hirup-hirup kana sumur liangna dipendet ku batu.

⁵⁴ Cai geus mimiti ngalaput awak ceuk pikiran sakeudeung deui ge kuring paeh.

⁵⁵ Ti dasar sumur abdi jumerit ka Gusti, nun PANGERAN.

⁵⁶ Sareng waktos abdi nyuhunkeun supados panyambat abdi didangu, Gusti ngadangukeun,

⁵⁷ sareng ngawaler yen abdi ulah sieun.

⁵⁸ Teras Gusti sumping kangge ngajait abdi. Sareng nyalametkeun nyawa abdi.

⁵⁹ Abdi nyuhunkeun dipaparin kaadilan, da Gusti uninga kajahatan batur ka abdi,

⁶⁰ uninga kumaha geuleuheunana musuh, sareng kumaha sakaitna ngalawan ka abdi.

⁶¹ Gusti ngadangu maranehna nyarekan ka abdi, nun PANGERAN, uninga kana pakarepan maranehna.

⁶² Sadinten jeput maranehna ngomongkeun abdi, sareng ngarang rarancangna.

⁶³ Ti enjing dugi ka wengi maranehna guguyongan perkawis abdi.

⁶⁴ Hukum kalakuanana kitu teh, nun
PANGERAN.

⁶⁵ Sapa maranehna sina pegat harepan!

⁶⁶ Udag-udag, sapukeun sing leungit ti alam
dunya."

4 ¹ Emas urang nu harerang jadi surem teu
cahyaan. Batu-batu Bait Allah bacar di
jalan-jalan.

² Para nonoman Sion pikeun urang pangajina
sarua jeung emas, tapi ayeuna mah geus
disaruakeun jeung pariuk taneuh.

³ Dalam indung ajag ge sok nyusuan anakna,
tapi bangsa kuring mah kawas manuk onta,
ka orokna ge telenges.

⁴ Orok-orokna diantep sina paraeh ku lapar
jeung ku halabhab, barudak marenta dahar
taya nu mere.

⁵ Nu tuman dalahar ngeunah, paraeh di
jalan-jalan ku kalaparan. Nu biasana hirup
mewah, ayeuna ngorehan dahareun di jarian.

⁶ Bangsa kuring geus dihukum leuwih beurat
ti batan urang Sadumu, anu ngadadak dilebur
ku Allah.

⁷ Para pamingpin urang asalna mah tanpa
noda, murni saperti salju, taregep sarta
baredas, semu cahyaan lantaran sarehat.

⁸ Ayeuna mah ngalalungsar di jalan teu bisa
kawawuhan, beungeutna gareuneuk siga rek
sahoseun, kulitna gararing kawas pangpung,
kararijut dina tulangna.

⁹Leuwih untung nu paeh di medan perang, ti batan nu paeh sanggeusna, paehna lalaunan lantaran kalaparan, teu manggih dahareun pikeun hirupna.

¹⁰Kacilakaan bangsa kuring estu pikasieuneun, indung-indung nu gede kanyaahna ge nepi ka tega ngulub anak sorangan jadi dahareun.

¹¹PANGERAN ngumbar bendu-Na Sion dihuru diratakeun jeung taneuh.

¹²Di mana-mana, saurang ge, malah para pamingpin bangsa asing ge, taya nu percaya yen gapura-gapura Yerusalem bisa diasupan musuh.

¹³Tapi hal eta geus kajadian, lantaran nabi-nabina geus dosa, imamna saralah, ngalantarankeun paraehna rahayat anu teu salah.

¹⁴Para pamingpinna mapay-mapay jalan kawas nu lolong, pakeanana jeger ku getih matak geuleuh nyabakna.

¹⁵Pada ngahaokan ku jalma-jalma, "Nyingkah maneh, rujit! Tong antel ka kami!" Tungtungna ngalantur mapay bangsa-bangsa, tapi taya nu narima.

¹⁶PANGERAN ku manten geus teu kersaeun nolih, malah maranehna dipabalencarkeun. Imam-imam jeung para pamingpin urang ku Mantenna geus teu dihargaan.

¹⁷Nenjoan nepi ka cape sugaran datang nu rek nulungan, tapi teu aya bae. Haben

ngarep-ngarep pitulung ti hiji bangsa nu teu bisaeun mere naon-naon.

¹⁸ Musuh ngawaskeun terus, nepi ka urang teu bisa ngulampreng ka jalan. Poe-poe urang geus tutup, tinggal ngadagoan panungtungan.

¹⁹ Musuh ngudagna leuwih gancang ti batan heulang anu nyirorot ti awang-awang. Mubus ka gunung urang disusul, ka gurun keusik diberik.

²⁰ Musuh geus nangkep sumber hirup urang, raja pilihan PANGERAN, nu ku urang dipercaya nangtayungan ti sakur nu datang nempuh.

²¹ Hayoh urang Edom jeung urang Us, teruskeun sareuri barungah, meungpeung barisa keneh. Picilakaeun maraneh ge tereh datang; maraneh ge bakal sasampoyongan, taranjang, nandangan era.

²² Sion mah dosana enggeus kabayar; urang ku PANGERAN moal lila-lila deui diantep di pangbuangan. Sabalikna maneh Edom, bakal dihukum ku PANGERAN, kalakuan maneh anu salah ku Mantenna bakal dibolekerkeun.

5¹ Nun PANGERAN, sing emut ka nu karandapan ku abdi-abdi. Tingali kahinaan abdi sadaya.

² Harta milik abdi-abdi dikawasaan ku jalmi-jalmi sanes, rorompok dicicingan ku jalmi-jalmi urang asing.

³ Para bapa parantos maraot ku musuh,
indung-indung ayeuna jaradi randa.

⁴ Cai kangge nginum kedah dibayar, kayu
kangge suluh kedah dipeser.

⁵ Abdi-abdi dipaksa digawekeun sapertos
kalde atanapi onta, cape ge teu kenging
ngaso.

⁶ Malar tedaen cekap kangge hirup,
abdi-abdi indit jajaluk ka Mesir sareng ka
Asur.

⁷ Karuhun nu gaduh dosana, parantos
maraot, abdi-abdi nu nandangan sangsarana.

⁸ Abdi-abdi diparentah ku jalmi-jalmi anu
teu langkung ti harkat badega, nanging teu
aya nu tiasa ngaleupaskeun abdi-abdi tina
cangkinganana.

⁹ Di luar kota tingalider tukang-tukang
maehan, upami abdi-abdi nyiar tedaen,
nyawa taruhanana.

¹⁰ Perbawa lapar, awak jadi nyongkab panas
ku muriang, kulit ge panas sapertos anglo.

¹¹ Bojo-bojo diperkosa di Gunung Sion pisan,
di tiap desa di Yudea, mojang-mojang dipaksa
masrahkeun kahormatanana.

¹² Para pamingpin ditarangkepan, teras
digarantung. Para sepuh teu diajenan.

¹³ Para jajaka dipaksa kedah ngagiling
gandum saperti abid. Barudak leutik
tingjarigjeug manggulan kayu anu bareurat.

¹⁴ Kolot-kolot tara deui dariuk di gapura
kota, barudak ngora tara deui maen musik.

¹⁵ Kabagjaan abdi-abdi parantos musna tina kahirupan; igel abdi-abdi gentos jadi kanalangsaan.

¹⁶ Sugri nu jadi kareueus parantos teu araya. Abdi-abdi jadi cilaka ku margi parantos dosa.

¹⁷ Gering sajeroning pikir, panon meh teu awas ningal, kahalangan ku cipanon,

¹⁸ nalangsa ku Gunung Sion nu parongpong cunggelik sepi, ruruntuhanana jadi tempat laliarna anjing-anjing leuweung.

¹⁹ Nanging nun PANGERAN, Gusti teh Raja abadi, nu murba salalanggengna.

²⁰ Ku naon ngantunkeun abdi sadaya sakitu lamina? Kumaha, kersa upami Gusti mikaemut deui ka abdi sadaya?

²¹ Wangsulkeun abdi sadaya, wangsulkeun ka pangkon Gusti, nun PANGERAN! Pulihkeun deui kamulyaan abdi-abdi sapertos kapungkur.

²² Atanapi bade tetep abdi-abdi dipiceun sapapaosna? Bade teras bendu teu aya watesna?

Yehezkiel

1 ¹ Sim kuring, Yeheskel bin Busi, pangkat imam. Hirup di nagri Babul, matuh di sisi Walungan Kebar, bareng jeung sasama bangsa Yahudi, jadi boyongan. Dina tanggal lima, bulan kaopat, taun katilu puluh, ningal langit muka. Breh aya titingalan ngeunaan salira Allah.

² Harita nincak taun kalima Raja Yoyakin jadi boyongan di nagri Babul.

³ Di dinya, di sisi Walungan Kebar, nagri Babul, kakuping gentra PANGERAN nimbalan ka sim kuring, sarta sim kuring keuna ku pangawasa-Na.

⁴ Barang tanggah, katingal aya angin topan nebak ti kaler, bray kilat ngaburinyay tina gumplukan mega, langit lebah dinya mani ngagebur. Anu kasorang ku eta kilat mani ruhay cahayaan lir sinar parunggu.

⁵ Di jero topan tea, di tengah-tengahna, aya opat mahluk siga-siga jelema.

⁶ Beungeutna opat-opat, jarangjangan opat-opat.

⁷ Sukuna barebeng jeung talapokan siga talapok sapi, harerang kawas parunggu anyar digosok.

⁸ Jaba ti bareungeutan, jeung jarangjangan teh, baroga leungeun opat-opat deui,

bangunna siga leungeun jelema, ayana di handapeun tiap jangjang.

⁹Ari jangjangna maleber dua-dua, tungtung jeung tungtung antel kana jangjang baturna, ngawangun pasagi opat. Ana mahluk-mahluk tea obah, bareng obah opatanana, tapi awakna henteu kabawa ngagilir.

¹⁰Ari beungeutna anu opat-opat tea, bangunna ge pada-pada opat rupa, beda-beda. Nu beulah hareup beungeut jelema, nu beulah katuhu beungeut singa, nu beulah kanca beungeut sapi, nu beulah tukang beungeut manuk rajawali.

¹¹Jangjangna maleber dua-dua ka luhur, paantel jeung tungtung jangjang batur gigireunana, ari jangjang anu dua deui ngalalingkup nutupan awakna.

¹²Nyanghareupna masing-masing bisa ka opat jihat, jadi bisa bareng ka ditu ka dieu ka mana karepna bari teu kudu luak-lieuk.

¹³Di tengah-tengah eta opat mahluk aya anu kawas obor ngagebur, obah-obah teu daek cicing. Hurungna ngagegedur, kilatna mancawura.

¹⁴Opat mahluk tea oge henteu cicing, suat-siet ka ditu ka dieu kawas kilat.

¹⁵Sabot sim kuring nelek-nelek eta opat mahluk, breh ningal aya opat gilinding napak kana taneuh di gigireunana masing-masing.

¹⁶Eta gilinding sarua bangunna, jeung tingpaloncorong kawas sorot batu permata.

Di tengah saban gilinding aya gilinding hiji
deui di tengah asna.

¹⁷ Jadi gilinding teh bisa obah ka opat jihat.

¹⁸ Pelekna masing-masing pinuh katutup ku
mata.

¹⁹ Ana opat mahluk tea pindah, gilinding
tea ge pindah nuturkeun; ana opat mahluk
tea ngapung, gilinding tea ge nuturkeun
ngapung.

²⁰ Opat mahluk tea pipindahan ka mana
karep, gilinding-gilinding oge nya kitu, da
diatur ku opat mahluk tea.

²¹ Jadi saban opat mahluk tea maju, atawa
eureun, atawa ngapung, gilinding-gilinding
tea ge nuturkeun kitu.

²² Di luhureun sirah opat mahluk tea aya anu
siga lalangit melengkung, kawas tina kristal,
matak serab.

²³ Nya di handapeun eta ayana opat
mahluk tea, meberkeun dua jangjangna
masing-masing sina paantel jeung tungtung
jangjang baturna, sarta jangjang anu dua
deui ngalingkup nutupan awakna.

²⁴ Sora jangjangna ari keur hiber mani
ngaguruh sada guruhna laut, sada ambregna
aleutan balad gede, jeg soara gentra Allah Nu
Maha Kawasa. Ari hiberna eureun, jangjangna
dilingkupkeun.

²⁵ Tapi soara guruhna mah kadenge keneh,
datangna ti luhureun lalangit nu melengkung
tea, di luhureun sirah mahluk anu opat.

²⁶Di luhureun lalangit tea aya anu siga singgasana tina batu nilem, dilinggihan ku anu siga manusa.

²⁷Eta anu siga manusa teh cahayaan kawas cahaya parunggu nu keur dilebur ku seuneu. Cahayana mancawura matak serab pisan,

²⁸jadi warna-warni cara cahaya katumbiri. Sihoreng eta cahaya anu pikahelokeun teh tanda yen PANGERAN aya di dinya. Bruk bae sim kuring nyuuh kana taneuh, geus kitu ngeng aya gentra.

2¹Gentra teh kieu ungelna, "Eh anak manusa, geura cengkat. Kami boga caritakeuneun."

²Sabot kitu sim kuring katerap ku Roh Allah, sarta deg sim kuring ditangtungkeun. Geus kitu ngeng gentra teh aya deui, ungelna,

³"Eh anak manusa, maneh ku Kami arek diutus ka urang Israil. Maranehna geus barontak ka Kami, ngaralawan. Barontakna nepi ka ayeuna. Karuhunna oge kitu,

⁴baredegong, ka Kami henteu ngajenan. Nya ku sabab kitu maneh ku Kami diutus ka ditu, ngemban timbalan anu baris diandikakeun ku Kami, PANGERAN Nu Maha Agung.

⁵Rek nurut rek henteu eta tukang barontak teh ka maneh, kumaha maranehna bae, asal nyarahoeun yen aya nabina.

⁶Maneh, eh anak manusa, teu kudu sieun ku maranehna. Teu kudu miris ku omonganana. Geus tangtu ngaralawan, ngahararina ka

maneh. Hirup jeung maranehna sarua jeung dirubung-rubung ku langgir. Tapi poma ulah inggis ku eta tukang barontak, teu kudu paur ku omonganana.

⁷ Tepikeun bae ka maranehna anu ku Kami baris diandikakeun ka maneh, rek ditarurut rek henteu, kawantu eta teh jalma-jalma anu baredegong pisan.

⁸ Eh anak manusa, regepkeun sagala rupa anu ku Kami baris diandikakeun teh. Maneh mah ulah ngalawan, ulah kawas maranehna. Pek geura calangap, dahar ieu anu diasongkeun ku Kami."

⁹ Sor aya panangan nyodorkeun hiji surat gulungan.

¹⁰ Seug eta surat gulungan teh ku eta panangan dibuka, katembong dua beulahanana ditulisan, anu ungelna ucapan-ucapan ngagambarkeun jerit kapati-pati, haregung jeung humarurung.

3 ¹Allah nimbalan, "Eh anak manusa, dahar ieu surat gulungan teh. Geus kitu maneh kudu indit ka urang Israil, ngemban timbalan Kami."

² Seug sim kuring calangap. Surat gulungan teh ku eta panangan diasongkeun, supaya didahar.

³ Timbalana-Na deui, "Eh anak manusa, heh ieu surat gulungan teh dahar. Eusian beuteung teh ku ieu." Seug ku sim kuring didahar, rasana amis asa madu.

⁴Allah nimbalan, "Eh anak manusia, jig
tepungan urang Israil, tepikeun timbalan
Kami ka maranehna.

⁵Maneh teh diutus teh lain ka bangsa asing
anu basana hese. Diutus teh ka bangsa Israil.

⁶Ari diutus ka bangsa asing anu loba mah,
anu basana harese, anu maneh teu ngarti,
moal teu aya anu daraekeun ngadengekeun
ka maneh.

⁷Tapi urang Israil mah saurang ge teu nurut.
Baredegong kabeh, bangkawarah.

⁸Ku sabab kitu maneh oge ku Kami rek
dibedegongkeun kawas maranehna.

⁹Maneh rek dijieun lir batu karang, anu
tagen, sarta teuas cara inten. Jadi ulah
salempang ku eta anu balangkawarah teh."

¹⁰Timbalana-Na deui, "Eh anak manusia,
regepkeun, ingetkeun sagala rupa anu baris
diucapkeun ku Kami.

¹¹Jung tepungan batur maneh pada-pada
boyongan, bere nyaho timbalan-timbalan
Kami, PANGERAN Nu Maha Agung, rek
didarenge rek henteu."

¹²Geus kitu sim kuring diangkat ku Roh
Allah. Ari di tukangeun aya sora anu maruji
mani ngageder, ungelna, "Sagala puji
kasanggakeun ka PANGERAN anu jumeneng
di sawarga agung!"

¹³Sora eta pabaur jeung sora jangjang opat
mahluk anu bareng kikiplik di awang-awang,

pagalo jeung sora gilinding-gilinding tea,
tinggeleger sada lini.

¹⁴Sajaba ti diangkat ku Roh Allah, karasa
aya deui tanaga anu ngangkat sarta nyandak
sim kuring, kacida rongkahna, nya eta tanaga
kakawasaan PANGERAN. Sajeroning kitu
sim kuring kadatangan rasa keuheul, jeung
hayang ngabudalkeun amarah.

¹⁵Saterusna sim kuring geus aya di Tel Abib
di sisi Walungan Kebar, tempat para boyongan
tea. Meunang tujuh poe cicindel bae di dinya,
asa hareugeueun keneh ku sagala anu geus
katingal jeung nu geus karungu.

¹⁶Sanggeus liwat tujuh poe, PANGERAN
nimbalan ka sim kuring,

¹⁷"Eh anak manusa, maneh ku Kami
diangkat jadi pangawasa urang Israil.
Tepikeun ancaman-ancaman Kami ka
maranehna.

¹⁸Upama Kami geus nimbalan si Anu kudu
paeh lantaran nyieun dosa, upama jelemana
ku maneh henteu dibere peringatan yen ulah
jahat sangkan nyawana karaksa, eta jelema
tangtu paeh tur nanggung dosa. Tapi sual
paehna maneh anu kudu tanggung jawab ka
Kami.

¹⁹Upama paehna sanggeus ku maneh
dielingan henteu nurut, paehna nanggung
dosa, tapi sual paehna lain salah maneh,
maneh tangtu salamet.

²⁰Upama aya jelema bener tuluyna nyieun dosa, sarta ku Kami digebruskeun kana banya maot, upama ku maneh henteu dibere peringatan, tangtu eta jelema paeh nanggung dosa, sarta kalakuanana ka tukang-tukang anu hade ku Kami hamo dipirosea. Tapi sual paehna maneh kudu tanggung jawab ka Kami.

²¹Sabalikna upama ku maneh dipepelinan heula yen ulah nyieun deui dosa seug nurut, eureun tina ngalampahkeun dosa, eta jelema tangtu hirup terus, maneh oge salamet."

²²Heab ku sim kuring karasa aya hiji kakuatan, nandakeun PANGERAN keur aya di dinya. Karungu Mantenna ngandika, "Maneh kudu indit ka lebak. Kami rek ngandika ka maneh di ditu.

²³Barang jol ka lebak, breh ningal kamulyaan PANGERAN saperti anu katingal di sisi Walungan Kebar. Bruk sim kuring nyuuh kana taneuh.

²⁴Tapi tuluy ditangtungkeun deui ku Roh Allah anu nyurup ka sim kuring. PANGERAN nimbalan kieu, "Geura balik, tuluy ngurung maneh di imah.

²⁵Di dinya maneh arek ditalian, eh anak manusa, sangkan teu bisa patepung jeung jalma rea.

²⁶Letah maneh arek dibiskeun, sangkan teu bisa mere peringatan ka jalma-jalma bangkawarah.

²⁷ Upama geus aya deui pangandika Kami ka maneh, sarta maneh geus dibere kapercekaan nyarita, ucapkeun ka maranehna sagala hal anu baris didawuhkeun ku Kami, PANGERAN Nu Maha Agung. Ngan ku sabab jelema-jelemana basangkal, nu daraek ngadenge ka maneh teh ngan sawareh, nu sawareh deui mah moal malire."

4 ¹Allah ngandika, "Eh anak manusia, cokot batu bata, teundeun di hareupeun. Tuluy garis-garis, gambarkeun kota Yerusalem.

²Di sakurilingeunana gambarkeun solokan-solokan jero, pakakas-pakakas paranti ngali taneuh, pakemahan-pakemahan jeung pakakas-pakakas panggedor, nandakeun eta kota keur dikepung.

³Tuluy cokot katel beusi, tangtungkeun antara maneh jeung eta kota minangka kuta. Maneh kudu nyanghareup ka eta anu diupamakeun kota keur dikepung, maneh minangka anu ngepungna. Ieu teh pikeun galagat ka bangsa Israil.

⁴(4: 4-5) Geus kitu maneh nyangkere ka beulah kenca, ku Kami rek ditindihan ku kasalahan urang Israil. Lilana maneh kitu 390 poe, nandangan sangsara ku karana kasalahan maranehna. Sakitu poe lilana maneh dihukum ku Kami, sapoena ngupamakeun sataun hukuman urang Israil.

⁵(4: 4)

⁶Upama eta geus anggeus, maneh kudu malik nyangkere ka beulah katuhu, nandangan deui sangsara ku karana kajahatan urang Yuda, lilana opat puluh poe, sapoena ngupamakeun sataun hukuman maranehna.

⁷Pencrongkeun panon maneh ka Yerusalem anu keur dikepung. Amang-amang peureup maneh ka dinya, ucapkeun picilakaeunana.

⁸Sangkan maneh ulah bisa malik, awak maneh ku Kami rek ditalian nepi ka eta pangepungan eureun.

⁹Ayeuna geura bebekelan, gandum, hanjeli, kacang beureum, kacang polong, jawawut jeung gandum lemes, aduk jieun roti, dahareun maneh sajero 390 poe nyangkere ka beulah kanca.

¹⁰Maneh dahar teh ngan meunang semet 230 gram sapoena, nepi ka poe isukna.

¹¹Nginum oge diwates ngan meunang semet dua cangkir.

¹²Pikeun ngasakkeun roti, maneh kudu nyieun pirunan, suluhna ku kotoran jelema anu geus garing, mun geus asak terus dahar sing katenjo ku saban jelema."

¹³Timbalana-Na deui, "Eta pikeun ngibaratkeun, yen bakal ngadahar kadaharan anu dilarang ku Hukum Musa, waktu engke ku Kami dipabalencarkeun ka nagri-nagri asing."

¹⁴Kaula ngawangsul, "Nun PANGERAN Nu Maha Agung! Paliyas abdi nganajiskeun diri.

Ti bubudak abdi tara neda daging sato anu paehna sanes dipeuncit, atanapi anu paeh ku sato galak. Tara neda katedaan anu dianggap haram."

¹⁵PANGERAN Nu Maha Agung ngandika, "Alus. Lamun kitu, pikeun ngasakkeun roti teh suluhna ku kotoran sapi bae."

¹⁶Timbalana-Na deui, "Eh anak manusia, bahan pangan urang Yerusalem ku Kami baris disapatkeun. Urang dinya daharna bakal diwatesanan, nginumna bakal diwatesanan. Sina araringgis, sina saralempang ku dahareun jeung cai inumeun.

¹⁷Maranehna bakal pegat pangharepan lantaran beakeun roti jeung cai, sarta ahirna paraeh ku karana dosa-dosana."

5¹PANGERAN nimbalan, "Eh anak manusia, cokot pedang anu seukeut. Cukur janggot jeung buuk maneh ku eta nepi ka beak. Buukna timbang dina taraju, tuluy jieun tilu gunduk.

²Nu sagunduk duruk di jero kota anu geus henteu dikepung deui. Sagunduk deui cacag ku eta pedang sakurilingna. Anu sapertilu deui awurkeun sina kabawa ku angin sarta baris diberik ku pedang Kami.

³Sesakeun buuk teh, tungkus dina kelin baju.

⁴Tuluy cokot saeutik ti dinya, purulukkeun kana seuneu nepi ka beak. Seuneuna bakal mancawura ka sakumna bangsa Israil."

⁵PANGERAN Nu Maha Agung nimbalan, "Awaskeun, Yerusalem teh ku Kami dipernahkeunana di puseur dunya, dikuriling ku nagri-nagri.

⁶Tapi Yerusalem ngalawan kana parentah-parentah Kami, leuwih jahat ti batan bangsa-bangsa sejen, leuwih bahula ti batan nagri-nagri sakurilingna. Parentah-parentah Kami ditolak, papakon-papakon ti Kami teu dilakonan.

⁷Ku sabab eta eh Yerusalem, dengekeun ieu sabda Kami, PANGERAN Nu Maha Agung. Ku lantaran maneh teu nurut kana papakon-papakon ti Kami, henteu ngalakonan parentah-parentah Kami, maneh leuwih-leuwih nya ngajengkelkeun alah batan ti bangsa-bangsa anu sakuriling maneh. Maneh kalah ka muja kana adat kabiasaan bangsa-bangsa batur.

⁸Ku sabab kitu Kami, PANGERAN Nu Maha Agung ngucapkeun kieu: Kami ngamusuh ka maneh. Maneh bakal disiksa tur kasaksian ku bangsa-bangsa sejen.

⁹Ku Kami moal teu disiksa, lantaran maneh geus nyieun kalakuan pikangewaeun Kami, eh Yerusalem! Acan kungsi Kami nyiksa nepi ka kitu, tur ka hareupna moal deui-deui nyiksa nepi ka kitu.

¹⁰Ku banget-bangetna eta siksaan, di Yerusalem teh indung jeung bapa nepi ka tega ngahakan anak, anak oge nepi ka

ngahakan indung bapa. Nepi ka kitu bangetna siksaan ti Kami. Ari sakarina anu harirup keneh, ku Kami arek diawurkeun ka mana mendi.

¹¹ Demi Kami teh Allah anu jumeneng kitu sabda PANGERAN Nu Maha Agung ku lantaran maneh nganajiskeun Bait Kami ku sagala kajahatan jeung ku rupa-rupa kalakuan anu pikaijideun, tanpa ampun maneh ku Kami baris diancurkeun.

¹² Sapertilu jalma-jalma maneh bakal paraeh ku panyakit jeung ku kalaparan di jero kota; sapertiluna deui bakal dibabasan ku pedang di luareun kota, sapertiluna deui rek dibacacarkeun ka sagala jurusan sarta diudag ku pedang.

¹³ Maneh bakal ngarasa hebatna Kami ngamuk ngabudalkeun amarah nepi ka hate Kami puas. Lamun geus kitu, tangtu maraneh yakin yen Kami, PANGERAN ngandika kieu teh lantaran geus teu kuat ku kateusatiaan maneh.

¹⁴ Tiap jalma ti bangsa-bangsa sakurilingeun maneh, ana ngaliwat ka maneh bakal maroyok jeung ngajarauhan.

¹⁵ Waktu maneh keur diamuk ku amarah Kami sarta dihukum, sakabeh bangsa di sakurilingeun maneh bakal katarajang sieun, saterusna bakal moyok jeung mikajid ka maneh.

¹⁶ Bekel maneh ku Kami bakal dikoredaskeun, nepi ka maneh langlayeuseun. Bakal karasa ku maneh kumaha nyerina kalaparan, saibarat katir ku jamparing seukeut, matak tiwas.

¹⁷ Anak-anak maneh bakal paraeh kalaparan jeung ku sato galak. Kami bakal ngadatangkeun panyakit-panyakit, katelengesan, jeung perang, pikeun maehan maneh. Kitu timbalan Kami, PANGERAN."

6 ¹ PANGERAN nimbalan ka kaula,
² "Eh anak manusia, teuteup pagunungan Israil, sarta ucapkeun ieu amanat Kami.

³ Bejakeun ka eta pagunungan Israil, dengekeun kituh sabda Kami, PANGERAN Nu Maha Agung, anu baris diucapkeun ka gunung-gunung, pasir-pasir, jungkrang-jungkrang, jeung lebak-lebakna. Kieu: Kami rek ngadatangkeun hiji pedang, geusan nyacar tempat-tempat anu ku urang dinya diparake muja ka brahala-brahala.

⁴ Altar-altarna bakal dirugrug-rugrugkeun, parukuyan-parukuyanana bakal diremuk-remukkeun. Jelemana bakal ditumpes, paraeh hareupeun brahala-brahalana.

⁵ Bangke-bangke urang Israil bakal patulayah, tulang-talengna bakal pabalatak di saputereun altar-altarna.

⁶ Nagri-nagri Israil bakal ditumpurkeun, altar-altar jeung brahala-brahalana bakal diajur-ajurkeun, parukuyan-parukuyanana

bakal diraremukkeun, sagala rupa jijieunan maranehna bakal dimusnakeun.

⁷ Jalma-jalma di ditu di dieu bakal diparaahan, nepi ka sesana anu harirup keneh eling, yen Kami teh PANGERAN.

⁸ Sawareh ku Kami arek dihaja luput ti anu mareuncit, arek disebar ka bangsa-bangsa sejen,

⁹ sina hirup di pangbuangan. Sina areling di dinya, sina ngarasa, yen nu matak Kami nepi ka ngahukum jeung ngaragragkeun martabatna teh lantaran hatena henteu satia ka Kami, geus narukangan Kami, leuwih resep muja ka brahala ti batan ngabakti ka Kami. Maranehna bakal geuleuh ka dirina sorangan, dumeh geus nyieun kajahatan jeung kalakuan anu ngaragragkeun martabatna.

¹⁰ Sina karasaeun ku maranehna yen Kami teh PANGERAN, sarta peringatan-peringatan Kami lain ancaman kosong."

¹¹ PANGERAN Nu Maha Agung nimbalan ka kaula, "Ulang-ulang leungeun maneh, suku tenjrag-tenjragkeun! Tuluy gegerungan, nandakeun kaduhung ku sagala kajahatan jeung kalakuan Israil anu pikaijideun. Maranehna bakal paraeh ku perang, ku kalaparan, jeung ku panyakit.

¹² Nu jarauh bakal garering jeung paraeh; nu dareukeut bakal paraeh ku perang, sesana bakal paraeh lantaran kalaparan. Maraneh bakal ngarasakeun hebatna amarah Kami.

¹³Bangke-bangke bakal patulayah pacampur jeung brahala-brahala jeung altar-altarna, bacar di puncak pasir luhur, di ungal puncak gunung, di ungal handapeun tangkal anu gomplot, di ungal handapeun tangkal anu gede, cindekna di ungal tempat paranti maranehna ngaduruk kurban ka brahala-brahala. Maranehna bakal nyaraho yen Kami teh PANGERAN.

¹⁴Saestuna, panangan Kami bakal nyolongkrong ngabasmi nagri maranehna, rek dijieun suwung, mimiti ti gurun keusik beulah kidul, nepi ka Ribla beulah kaler; ungal tempat padumukan urang Israil ku Kami hamo aya anu dikarikeun. Geus kitu ungal jalma bakal nyaho yen Kami teh PANGERAN."

7 ¹PANGERAN nimbalan ka kaula,
timbalana-Na,

²"Eh anak manusa, Kami, PANGERAN Nu Maha Agung, rek ngucap kieu ka Israil: Ieu ahirna riwayat sakuliah ieu nagri!

³Eh nagri Israil, maneh geus tangtu lebur. Rasakeun amarah Kami. Maneh ku Kami tangtu dihukum satimpal jeung kalakuan. Sagala kalakuan maneh anu pikagirukeun tan wande dibales.

⁴Kami moal tanggung-tanggung, moal karunya-karunya. Kalakuan maneh anu pikagirukeun teh aya hukumanana, sangkan maneh nyaho yen Kami teh PANGERAN."

⁵Kieu sabda PANGERAN Nu Maha Agung,
"Maneh bakal dirongrong ku balahi
gunta-ganti.

⁶Ieu teh panungtungan, panganggeusan.
Umur maneh bakal buntu.

⁷Jalma-jalma eusi nagri, tereh datang kana
poe panungtungan. Tereh nitih kana wanci,
tempat-tempat karamat di pagunungan baris
jempling, moal aya deui upacara-upacara,
kabeh geus awut-awutan.

⁸Maneh geus tereh ngarasakeun hebatna
amarah Kami. Kami moal teu ngahukum,
satimpal jeung lampah maneh. Kalakuan
maneh anu pikagirukeun bakal dibales.
Maneh moal disesakeun.

⁹Kami moal tanggung-tanggung, moal
karunya. Maneh tan wande disiksa, ganjaran
kalakuan anu pikajideun. Sangkan nyaho,
Kami teh PANGERAN, sarta nya Kami anu
ngahukum ka maneh."

¹⁰Balahi ka Israil geus nampeu. Kakerasan
beuki meuweuh. Kaangkuhan beuki
muncugug.

¹¹Kalaliman beuki nambahán kajahatan.
Maranehna bakal muluntu, kabeungharanana,
kamulyaanana, kaagunganana, bakal musna.

¹²Geus datang mangsana, geus cunduk
poena, jual-beuli bakal tambuh, sabab unggal
jalma keuna ku hukuman ti Allah.

¹³ Nu daragang moal kaburu nampa
ladangna, Allah benduna ka ungal jelema.
Nu jarahat moal aya nu salamet.

¹⁴ Tarompet disada, saban jalma tatan-tatan,
tapi taya saurang nu maju perang, sabab
wera Allah keuna ka saban jalma.

¹⁵ Di jalan-jalan rame nu perang. Di imah
nya sasalad jeung kalaparan. Di luar kota
tiwas ku perang, di jero kota paeh ku sasalad
jeung kalaparan.

¹⁶ Sawareh bakal aya nu bisa luput kalabur
ka gunung-gunung kawas japati digebah
ti lebak, ear maridangdam, kaduhung ku
dosa-dosana.

¹⁷ Leungeun-leungeun bakal ngaraplek,
tuurna bakal nyorocod.

¹⁸ Maranehna bakal marake karung, sakujur
awakna ngadegdeg. Sirahna digarundulan,
martabatna jadi hina.

¹⁹ Emasna, perakna, dialung-alungkeun ka
jalan kawas runtah, sabab boh perakna, boh
emasna, teu bisa nyalametkeun maranehna
tina kabendu PANGERAN. Teu bisa dipake
nyumponan kahayang, teu bisa dipake
nyocokan beuteung. Emasna reujeung
perakna, kalah ka nungtun kana dosa.

²⁰ Boro tadina mah araragul boga permata
arendah, dijieunan brahala pikacuaeun. Ku
sabab eta kakayaanana teh ku PANGERAN
dibalikkeun sina dipikacua ku maranehna
keneh.

²¹ "Sina dirampogan ku bangsa-bangsa asing," timbalan PANGERAN. "Harta kakayaanana sina diranjah ku tukang ngalanggar hukum, sina dinajiskeun.

²² Hanas harta kakayaan Bait Kami ge karanjah, nepikeun ka digedor jeung dileyek, Kami hamo paduli.

²³ Kabeh bakal awut-awutan. Tanahna pinuh ku tukang mergasa, kota-kotana pinuh ku nu tarelenges.

²⁴ Sabab Kami bakal ngondang bangsa-bangsa anu pangjihat-jahatna, sina narajang ka dieu jeung ngajabelan imah-imah. Jalma-jalma maneh anu panggagahna ge bakal tingpurungkut lamun eta rampog geus ambreg ka tempat-tempat maneh babakti.

²⁵ Maneh bakal pegat pangharepan. Hayang aman pimanaeun.

²⁶ Balahi gunta-ganti, seja-beja goreng pasusul-susul. Maneh bakal menta dipangramalkeun ka nabi-nabi, tapi geus teu barisaeun deui ngaramal. Imam-imam geus teu barogaeun ajarkeuneun, para kokolot geus beakeun nasehat.

²⁷ Raja sungkawa, putra makuta beak pangharepan, jalma-jalma tingdaregdeg ku kasieun. Maneh bakal dihukum satimpal jeung kalakuan maneh sarta dihakiman satimpal jeung cara maneh ngahakiman ka batur. Sangkan maneh nyaho, Kami teh PANGERAN."

8 ¹Dina tanggal lima bulan kagene,
sanggeus genep taun di pangbuangan,
kaula keur aya di imah jeung para kokolot anu
dibuang ti nagri Yuda. Dumadakan sim kuring
keuna ku pangaruh pangawasa PANGERAN
Nu Maha Agung.

²Kaula tanggah, breh aya titingalan gaib,
ningal nu siga manusa anu ngagebur. Ti
semet angkeng ka handap rupana siga
seuneu, ari ti semet angkeng ka luhur siga
cahaya parunggu nu anyar digosok.

³Geus kitu anu siga pananganana ngolebat,
ngajenggut buuk kaula. Dina eta titingalan
kaula teh diangkat ka awang-awang ku Roh
Allah, dicandak ngapung ka Yerusalem, ka
Bait Allah, ka lawang buruan jero beulah kaler.
Di dinya aya hiji brahala anu ngalantarankeun
Allah jadi bendu.

⁴Bray aya cahaya gumebyar, nandakeun
sumpingna Allah Israil, sarua jeung anu
katingal basa di sisi Walungan Kebar tea.

⁵Allah nimbalan ka sim kuring, "Eh anak
manusa, tenjo ka beulah kaler." Sim
kuring ngalieuk ka dinya. Breh brahala anu
ngajadikeun Allah bendu teh aya di dinya,
deukeut altar anu ayana deukeut lawang
panto jero.

⁶Allah nimbalan ka kaula, "Eh anak manusa,
katenjo ku maneh aya naon? Kalakuan urang
Israil di dieu teh pikacuaeun wungkul. Kami
ku maranehna disuntrung-suntrung beuki

jauh ti tempat Kami anu suci. Loba keneh kalakuanana anu leuwih hina batan eta."

⁷ Kaula ku Mantenna dicandak ka lawang panto buruan luar, breh ningal tembok anu gorowong.

⁸ Timbalan Mantenna, "Eh anak manusa, maneh moncor ka dinya." Kaula moncor, gok jeung hiji panto.

⁹ Mantenna nimbalan deui, "Asup maneh ka dinya, lalajo kalakuan maranehna di dinya anu pikaijideun."

¹⁰ Kaula asup, tuluy alak-ilik. Bilik kamarna dihias ku gambar-gambar oray jeung gambar-gambar sato-sato haram, jeung rupa-rupa gambar deui sakur anu dipuja ku urang Israil.

¹¹ Tujuh puluh kokolot Israil araya di dinya. Malah aya Yaasanya bin Sapan. Kabeh naranggeuy parukuyan, haseup dupana ngarelun.

¹² Allah nimbalan ka kaula, "Eh anak manusa, katenjo eta para kokolot Israil keur naraon rerencepan? Keur ngabarakti di jero kamar anu pinuh ku gambar-gambar sesembahanana. Alesan maranehna: Urang moal katingali ku Allah. Mantenna geus ngantunkeun ieu nagri."

¹³ Timbalana-Na deui ka kaula, "Aya deui kalakuanana anu bakal katenjo ku maneh, leuwih matak ijid ti batan eta."

¹⁴ Geus kitu kaula ku Mantenna dicandak ka gapura Bait Allah beulah kaler. Di dinya aya awewe-awewe keur careurik, nyeungceurikan paehna Dewa Tamus.

¹⁵ Mantenna nimbalan ka kaula, "Eh anak manusa, katenjo eta? Aya keneh anu leuwih hina ti batan eta."

¹⁶ Tuluy kaula dicandak ka buruan Bait Allah beulah jero. Di dinya, deukeut lawang ka kamar suci, antara altar jeung gang, aya jelema reana kurang leuwih dua puluh lima urang. Maranehna narukangan kamar suci, sarujud ka beulah wetan, keur nyarembah ka panonpoe anu eukeur meletek.

¹⁷ Timbalan PANGERAN ka kaula, "Eh anak manusa, katenjo eta? Eta teh urang Yuda. Maranehna can ngarasa cukup nyieun pikagirukeun saperti anu bieu katenjo ku maneh, can ngarasa cukup ku kabengisanana di sakuliah nagri. Can parauas. Anu matak tuluy karikituan di dieu, di jero Bait, nambah-nambah amarah Kami.

¹⁸ Pek awaskeun, sakitu ngahinana ka Kami, sakitu nangtangna! Keun sina ngarasa kumaha hebatna amarah Kami engke. Kami moal tanggung-tanggung, moal karunya. Engke maranehna bakal tingjarerit ka Kami, tapi moal dipalire."

9 ¹ Geus kitu Allah ngagenta tarik, "Hiap! Maraneh anu kudu ngahukum ieu nagri, geura ka darieu. Bawa pakarang!"

²Harita keneh datang genep jelema ti luareun gapura kaler Bait Allah, masing-masing mawa pakarang. Daratangna jeung hiji jelema anu pakeanana tina lawon linen jeung mawa parabot tulis. Tuluy narangtung deukeut altar parunggu.

³Bray aya cahaya kamulyaan Allahna Israil gumebyar. Ti lebah mahluk-mahluk jangjangan anu araya dina urutna bareto, eta cahaya teh mumbul, terus pindah kana bangbarung panto Bait Allah. Ti dinya PANGERAN nyaur jelema anu pakeanana lawon linen tea.

⁴Timbalana-Na, "Ideran sakuliah kota Yerusalem. Unggal jelema anu kapanggih prihatin jeung susah ku ayana kalakuan-kalakuan anu pikagirukeun di ieu kota, ku maneh kudu dicirian."

⁵Karungu deui Allah nimbalan ka nu sejen-sejenna, "Maraneh kudu milu ngideran ieu kota, maehan jelema-jelema. Ulah aya anu diiwalkeun. Ulah aya karunya ka saurang oge.

⁶Kolot, jajaka, parawan, indung, barudak leutik, paehan bae. Tapi poma ulah ngagadabah ka jelema anu aya ciri dina tarangna. Pek mimiti ti dieu, ti Bait Kami." Prak maranehna ngamimitian, ka para kokolot anu keur araya di jero Bait Allah.

⁷Allah nimbalan deui ka maranehna, "Bait teh najiskeun. Pinuhan buruanana ku bangke.

Geura prak!" Prak deui maranehna mimiti maraehan jelema-jelema anu araya di jero kota.

⁸Sabot jelema-jelema keur diparaehan, kaula aya di dinya, nyorangan. Bruk sim kuring sujud kana taneuh bari ngajerit, "Duh PANGERAN Nu Maha Agung, ku naon dugi ka sakitu benduna ka Yerusalem, dugi ka eta sesa urang Israil teh tiap jalmi ditumpes?"

⁹Allah ngawaler, "Dosa urang Israil jeung urang Yuda kacida gedena. Di sakuliah nagri maranehna geus maraehan. Yerusalem geus kacida kotorna ku kajahatan maranehna. Aromongna, Kami, PANGERAN, geus euweuh ti nagrina, hamo ningali kana kalakuanana.

¹⁰Ku Kami dibales satimpal jeung kalakuanana ka batur. Kami moal rek mikarunya."

¹¹Geus kitu jelema anu pakeanana lawon linen tea datang ngadeuheus, tuluy miunjuk, "Timbalan Gusti parantos dijalankeun."

10¹Kaula ningal kana lalangit nu melengkung luhureun mahluk-mahluk jangjangan tea. Di luhureunana katingal aya nu siga tahta tina batu nilem.

²Allah nimbalan ka jelema anu papakeanana lawon linen, timbalana-Na, "Maneh asup ka ditu, kana sela kikiping-kikiping handapeun mahluk-mahluk tea, kudu ngarawu ruhak ti dinya, terus awurkeun ruhakna ka jero kota." Eta jelema indit, ku kaula diawaskeun.

³ Waktu manehna geus nepi, mahluk-mahluk teh keur narangtung di Bait Allah beulah kidul, ari di buruan jero pinuh ku mega.

⁴ Cahaya gumebyar anu nandakeun sumpingna Allah katingal mumbul ti lebah eta mahluk-mahluk jangjangan, ngeser ka lebah bangbarung panto Bait Allah. Seug Bait Allah teh pinuh ku mega, ari di buruanana caang mani mabra.

⁵ Jangjang mahluk-mahluk tea ngabijilkeun sora mani ngaguruh, ka buruan luar oge kadenge, sorana lir gentra Allah Nu Maha Kawasa.

⁶ Jelema anu papakeanana lawon linen, anu ku PANGERAN dipiwarangan nyokot ruhak nu aya dina sela kikiping-kikiping handapeun mahluk-mahluk, geus aya di dinya, nangtung deukeut salah sahiji kikiping.

⁷ Mahluk anu hiji leungeunna nyolongkrong kana seuneu anu keur disalanghareupan, ngarawu ruhak terus diteundeun dina dampal leungeun eta jelema, sarta ku eta jelema di bawa ti dinya.

⁸ Katingal mahluk-mahluk teh baroga anu siga leungeun jelema di handapeun jangjangna masing-masing.

⁹ (10: 9-10) Di dinya aya opat kikiping anu bangunna sarua, di gigireun mahluk-mahluk tea hiji-hiji. Eta kikiping-kikiping tingponcorong lir batu permata, sarta pada

ngabogaan hiji kikiping deui anu malang di tengah-tengah nu sejenna.

¹⁰(10: 9)

¹¹ Mahluk-mahluk tea bisa gerak ka jihat mana bae, bari teu kudu muterkeun awak, jeung bisa gerak bareng kumaha karep tanpa muterkeun awakna.

¹² Saluar awakna, tonggongna, leungeunna jeung jangjangna, kitu deui kikiping-kikiping tea, pinuh ku mata.

¹³ Ari kikiping-kikiping tea bangunna sarua jeung anu katingal dina titingalan kaula anu kahiji.

¹⁴ Mahluk-mahluk teh beungeutna pada opat-opat: hiji beungeut sapi, hiji beungeut jelema, hiji beungeut singa, hiji beungeut manuk rajawali.

¹⁵ (Opatanana ge mahluk anu bareto katingal di sisi Walungan Kebar tea.) Ana eta mahluk-mahluk mumbul ka awang-awang,

¹⁶ atawa obah, kikiping-kikiping tea nuturkeun. Ari eta mahluk-mahluk meberkeun jangjang arek hiber ge kikiping-kikiping teh milu kabawa.

¹⁷ Mun mahluk-mahluk tea eureun, kikiping-kikiping ge eureun. Mun eta mahluk-mahluk hiber, kikiping-kikiping ge milu, sabab diatur ku mahluk-mahluk tea.

¹⁸ Geus kitu cahaya gumebyar tanda hadirna PANGERAN teh pindah tina bangbarung panto Bait Allah ka luhureun eta mahluk-mahluk.

¹⁹ Seug eta mahluk-mahluk teh maleberkeun jangjangna, tuluy haliber, mumbul ninggalkeun beungeut taneuh, dituturkeun ku kikiping-kikiping tea. Ku kaula terus bae diawaskeun. Di palebah gapura Bait Allah beulah wetan hiberna areureun, diauban ku cahaya anu gumebyar.

²⁰ Kaula apal, eta mahluk-mahluk teh anu bareto katingal, anu pernahna di handapeun Allahna Israil, basa di sisi Walungan Kebar.

²¹ Nu ieu ge beungeutna teh opat-opat, jangjangna opat-opat, jeung di jeroeun jangjangna aya anu siga leungeun jelema.

²² Beungeut-beungeutna ge sarua jeung anu kungsi katingal di sisi Walungan Kebar. Geus kitu eta mahluk-mahluk teh kebat ka hareup.

11 ¹Kaula ku Roh PANGERAN diangkat, dicandak ka gapura Bait Allah beulah wetan. Di dinya ningal aya dua puluh lima jelema, di antarana aya dua pamingpin bangsa, nya eta Yaasanya bin Asur jeung Pelaca bin Benaya.

²Allah nimbalan ka kaula, "Eh anak manusa, eta jelema-jelema teh tukang ngararancang kajahatan, tukang ngajurung kana teu bageur di ieu kota.

³Carekna, Urang kudu buru-buru nyarieun deui imah. Ieu kota lir upama kastrol, ari urang lir upama daging anu digodog dina eta. Tapi kieu-kieu oge lumayan jadi hahalang, urang teu kungsi antel kana seuneu.

⁴Pek ayeuna ieu omongkeun ku maneh ka maranehna, eh anak manus!"

⁵Seug kaula dituyun ku Roh PANGERAN, sarta PANGERAN nimbalan sangkan kaula ngucapkeun sabda-Na, kieu timbalana-Na, "Eh urang Israil! Kami uninga kana ucapan-ucapan jeung sagala paniatan maneh.

⁶Maraneh di ieu kota geus maehan pirang-pirang jelema, nepi ka bangke-bangke patulayah di jalan-jalan.

⁷Ku sabab kitu, kieu timbalan Kami, PANGERAN Nu Maha Agung, ka maneh: Bener pisan, ieu kota teh kastrol. Cik dagingna naon? Dagingna teh bangke-bangke meunang maraneh mergasa! Maraneh baris euweuh ti dieu, ku Kami rek dibalangkeun ti ieu kota!

⁸Sarieun maneh ku pedang? Kami rek ngadatangkeun jelema-jelema nu marawa pedang, sina narajang ka maraneh.

⁹Maraneh ku Kami arek digiring kaluar ti ieu kota, diselehkeun ka urang asing. Maraneh ku Kami geus ditigas ku hukum pati.

¹⁰Bakal paraeh ku perang di nagri sorangan, sangkan unggal jelema nyaho yen Kami teh PANGERAN.

¹¹Ieu kota moal bisa dipake nyalindung ku maraneh, moal cara kastrol ngajaga daging sangkan teu antel kana seuneu. Aya di mana bae di ieu nagri Israil, maraneh moal teu dihukum ku Kami.

¹² Engke kakara nyaraho, Kami teh PANGERAN, kakara ngarasa yen tuhu kana hukum bangsa-bangsa tatangga teh hartina miceun hukum-hukum Kami, nolak kana parentah-parentah Kami."

¹³ Sabot kaula ngucapkeun eta sabda, Pelaca ngarumpuyuk tuluy maot. Bruk kaula nyuuh kana taneuh bari ngajerit, "Nun PANGERAN Nu Maha Agung, kutan Gusti teh bade maehan unggal jalmi Israil anu nyesa keneh?"

¹⁴ Allah nimbalan ka kaula,

¹⁵ "Eh anak manusa, maneh jeung batur-batur dipangbuangan, diaromongkeun ku nu araya di Yerusalem. Ceuk maranehna, Jalma-jalma nu dibuang mah geus kacida jarauhna ti dieu, moal bisa daratang ngabakti ka PANGERAN. Ieu nagri ku PANGERAN geus dibikeun jadi milik urang.

¹⁶ Ayeuna ucapkeun ka sasama buangan ieu sabda Kami. Bejakeun, nya Kami anu ngirim maranehna sina aya di tengah bangsa-bangsa jauh ti nagrina, dibacacarkeun di nagri-nagrian. Tapi sajeroning maranehna araya di tempat-tempat pangluntaanana, ku Kami rek direujeungan.

¹⁷ Ku sabab eta, bejakeun ka maranehna sabda Kami, PANGERAN Nu Agung. Sebutkeun yen maranehna baris dibawa kaluar ti nagri tempat maranehna bacacar, sarta nagri Israil ku Kami rek diserenkeun deui ka maranehna.

¹⁸ Lamun maranehna geus araya deui di lemah caina, lamun manggih brahala najis jeung pikajideun tangtu dipiceun.

¹⁹ Hate jeung pipikiranana baris dianyarkeun. Sipatna anu bedegong, hatena anu teuas cara cadas, baris disalin ku hate anu nurut.

²⁰ Maranehna baris tuhu kana parentah-parentah Kami, baris tigin kana aturan-aturan Kami, jaradi umat Kami, sarta Kami Allah maranehna.

²¹ Tapi Kami baris ngahukum ka jelema-jelema anu nyarembah ka brahala-brahala anu pikajideun. Ku karana kalakuanana, ku Kami tangtu dihukum." Kitu timbalan PANGERAN Nu Maha Agung.

²² Mahluk-mahluk tea tuluy haliber, dituturkeun ku kiciping-kiciping, diauban ku cahaya kamulyaan Allah anu gumebyar.

²³ Cahaya anu gumebyar teh ninggalkeun kota, tuluy kebat ka gunung wetaneunana.

²⁴ Dina eta titingalan, kaula diangkat ku Roh Allah, dicandak ka tempat pangbuangan deui di Babul. Les titingalan teh leungit.

²⁵ Sagala rupa anu ku PANGERAN ditembongkeun ka kaula, ku kaula dicaritakeun ka sasama buangan.

12 ¹ PANGERAN nimbalan ka sim kuring,
² "Eh anak manusa, maneh hirup teh di antara jelema-jelema tukang ngalawan. Maranehna barogaeun mata, tapi teu narenjoeun naon-naon, barogaeun ceuli tapi

teu ngadarengueun naon-naon, lantaran ngaralawan bae.

³Eh anak manusa, ayeuna maneh kudu bubuntel cara anu rek ngungsi. Memeh reup peuting kudu indit. Sing katangen ku sarerea maneh indit ti dieu rek ka tempat sejen, sugaran daraekeun maranehna malire ari nenjo kitu mah.

⁴Meungpeung beurang, geura bubuntel sakumaha jalma nu rek dibuang, sina katarenjoeun ku maranehna, jeung sina diarawaskeun maneh indit engke peuting saperti nu rek ka pangbuangan.

⁵Sabot maranehna ngarawaskeun, maneh kudu ngabobok bilik imah, poncorkeun barang-barang maneh ti dinya.

⁶Sina katarenjoeun maneh poek-poek indit nanggung babawaan jeung peungpeunan panon nepi ka maneh talag-tolog teu nenjo jalan. Sapeta-peta maneh kitu baris jadi galagat pikeun urang Israil."

⁷Sapamundut PANGERAN ku kaula dijalankeun. Kaula bubuntel kawas anu rek ngungsi. Sanggeus reup poek tuluy nyieun liang dina tembok imah, ku leungeun bae, tuluy moncor ti dinya. Sabot jalma-jalma malencrong, kaula indit manggul babawaan.

⁸Poe isukna PANGERAN nimbalan,

⁹"Eh anak manusa," timbalana-Na, "urang Israil nu baredegong teh naranyakeun, carekna maneh teh nanaonan.

¹⁰Bejakeun ieu sabda Kami, PANGERAN, ka maranehna, pikeun raja anu keur marentah di Yerusalem jeung pikeun bangsa Israil anu araya di dinya.

¹¹Bejakeun, anu dipetakeun ku maneh teh hiji totonde anu bakal karandapan ku maranehna. Nya eta: maranehna bakal naringgalkeun padumukanana, jaradi tawanan.

¹²Rajana anu kawasa ka maranehna bakal manggul babawaanana bari mopoek, kabur, jalanna moncor kana tembok beunang ngabobok rahayatna. Inditna bari meungpeun, nepi ka teu nyaho arek ka mana.

¹³Tapi ku Kami rek ditaheunan ku jaring, tuluy rek dibawa ka kota Babul, sina paeh di ditu kalawan teu kungsi nenjo heula eta kota.

¹⁴Anggota-anggota pangadilanana, juru-juru nasehatna, jeung para pangawalna ku Kami rek dipabalencarkeun, sarta bakal ditareangan ku rahayatna rek dipaehan.

¹⁵Sanggeus pabalencar, di tengah bangsa lian, di nagri-nagri asing, kakara maranehna bakal nyaraho yen Kami teh PANGERAN.

¹⁶Bakal aya sawareh anu ku Kami dihaja sina salamet, henteu kasabet ku perang, teu kasorang ku kalaparan jeung ku sasalad panyakit, sina karasaeun di tengah bangsa-bangsa nu ngaboyongna, yen kalakuan-kalakuanana teh pohara

pikaijideunana, sarta bakal ngaraku yen Kami teh PANGERAN."

¹⁷ PANGERAN nimbalan ka kaula,

¹⁸"Eh anak manusa", timbalana-Na, "maneh saban dahar kudu bari ngadaregdeg, saban nginum kudu bari ngagebeg sieun.

¹⁹Bejakeun ka bangsa Israil anu araya keneh di nagrina: Saban maranehna dahar, tangtu bari jeung ngadaregdeg, saban nginum tangtu bari jeung gegebegan sieun. Nagrina bakal suwung, ku karana pamolah jelema-jelemana anu teu malire kana hukum.

²⁰Nagri-nagri anu ayeuna gegek pangeusina teh bakal jadi leuweung. Engke kakara maranehna nyaraho yen Kami teh PANGERAN."

²¹ PANGERAN nimbalan ka kaula,

²²"Eh anak manusa, ku naon urang Israil marake babasan kieu: Waktu jalan terus, sarta piwejang-piwejang teu bukti?

²³Bejakeun ka maranehna sabda Kami, PANGERAN Nu Maha Agung, ngeunaan eta babasan. Rek dieuweuhkeun eta babasan teh ku Kami. Moal diucap-ucapkeun deui di Israil. Bejakeun, ieu pigantieunana: Waktu geus tangtu cunduk, piwejang-piwejang pasti bukti!

²⁴Pelengan-pelengan anu palsu, atawa ramalan-ramalan anu nyasabkeun, moal aya deui di Israil.

²⁵Kami, PANGERAN Nu Maha Agung baris nyarita, sarta pangandika Kami pinasti ngajadi. Jeung moal aya anu diengke-engke, jaman maraneh keneh kiwari, naon anu ku Kami geus diomat-omatkeun tangtu ngajadi. Kami, PANGERAN Nu Maha Agung, geus ngandika."

²⁶PANGERAN nimbalan ka kaula,

²⁷"Eh anak manusa, tetenjoan maneh anu gaib, kitu deui piwejang-piwejang maneh, ceuk panyana urang Israil tangeh keneh kana pibuktieunana.

²⁸Bejakeun ka maranehna, yen Kami, PANGERAN Nu Maha Agung, ngandika kieu: Pangandika Kami pasti bukti, moal aya anu diengke-engke. Kami, PANGERAN Nu Maha Agung geus ngandika."

13 ¹PANGERAN nimbalan ka kaula,
²"Eh anak manusa," timbalana-Na,
 "nabi-nabi Israil, anu sok nujum sakarep-karep, carekan ku maneh. Bejakeun, dengekeun kituh sabda PANGERAN."

³Kieu timbalan PANGERAN Nu Maha Agung, "Ieu nabi-nabi anu garejul teh tangtu carilaka! Maranehna ngarang-ngarang ilham, nyaritakeun pelengan ciptaanana sorangan.

⁴Eh urang Israil, eta nabi-nabi maraneh teh taya gunana naon-naon, kawas ajag di jero lembur kosong.

⁵Tempat-tempat anu kutana geus garorowong ku maranehna teu dijaga, teu

diaromean. Jadi upama PANGERAN geus ngersakeun perang narajang Israil, moal kajaga.

⁶Eta nabi-nabi teh pelengan-pelenganana paralsu, ramalan-ramalanana barohong. Carekna mah maranehna teh ngucapkeun pesen Kami, padahal Kami henteu ngutus maranehna. Kilang kitu kahayangna mah ramalan-ramalanana teh bukti!

⁷Kieu kituh ceuk Kami: Pelengan maraneh paralsu, ramalan-ramalan maraneh bohong wungkul. Carek maraneh majar sabda Kami, padahal Kami henteu ngandikakeun naon-naon ka maraneh!"

⁸Ku sabab kitu PANGERAN Nu Maha Agung ngadawuh ka maranehna, "Ucap-ucap maraneh palsu, pelengan-pelengan maraneh bohong wungkul. Ku sabab kitu maraneh ku Kami arek dilawan.

⁹Maraneh, tukang-tukang nujum purah ngarang pelengan palsu, purah nyieun ramalan-ramalan anu nyasabkeun, ku Kami arek dihukum. Ana umat Kami kumpul baradami, maraneh mah moal kabawa. Ngaran maraneh moal katulis dina daptar warga Israil. Jeung pamohalan maraneh bisa baralik deui ka lemah cai. Mun geus kitu kakara maraneh bakal nyaraho yen Kami teh PANGERAN Nu Maha Agung.

¹⁰Umat Kami disasabkeun ku nabi-nabina, dibobodo majar aman, padahal sama sakali

teu aman! Umat Kami geus nyieun tembok
anu pasangan batu batana laloncer, ari ku
nabi-nabina tembok kitu teh anggur dikapur.

¹¹ Bejakeun ka maranehna, eta tembok
teh bakal runtuh! Ku Kami arek digeyer ku
hujan, ditinggangan ku hujan es anu baradag,
ditebak ku angin gede

¹² nepi ka rugrug, sarta maraneh bakal
direntog ku jalma-jalma, naon gunana eta
tembok dikapur teh?"

¹³ Kieu timbalan PANGERAN Nu Maha Agung,
"Sajeroning Kami ambek, eta tembok ku Kami
arek dibasmi, sina diteumbrag ku angin gede,
digeyer ku hujan, ditinggangan ku hujan es
anu baradag.

¹⁴ Tembokan beunang ngapur nabi-nabi teh
ku Kami rek dirugrugkeun, rek dibubukkeun,
sina kari dasarna nonggerak. Runtuhna sina
ninggang ka maraneh kabeh nepi ka paeh.
Lamun geus kitu, kakara jelema-jelema bakal
nyarahoeun yen Kami teh PANGERAN.

¹⁵ Boh tembokna, boh nu ngapurna, bakal
ngarasa hebatna amarah Kami. Maraneh
engke ku Kami dibere nyaho, yen eta tembok
geus euweuh, kitu deui jelema-jelema anu
ngapurna,

¹⁶ nya eta nabi-nabi anu nyebutkeun
Yerusalem aman, padahal sama sakali teu
aman!" Kitu timbalan PANGERAN Nu Maha
Agung.

¹⁷ PANGERAN nimbalan ka kaula, "Ayeuna, eh anak manusia, tenget-tenget awewe-awewe bangsa maneh anu nyeta-nyeta nabiah. Weweleh,

¹⁸ jeung tepikeun ieu sabda PANGERAN Nu Maha Agung ka maranehna: Maraneh awewe-awewe cilaka! Maraneh nyieunan gelang jimat nyieunan karembong jimat sina ditiungkeun ku jalma-jalma kana sirahna, ngarah bisa ngawasaan hirup jalma lian. Maraneh hayang bisa ngawasaan pati huripna umat Kami, keur kauntungan sorangan.

¹⁹ Maraneh geus ngahina ka Kami di hareupeun umat Kami, ngarah hanjeli sakeupeul roti sawatara siki. Maraneh geus maehan jelema-jelema anu henteu pantes dipaehan. Ari jelema anu teu pantes dihirupan ku maraneh dihirupan. Ku jalan kitu maraneh ngabobodo umat Kami, ari umat Kami percaya bae."

²⁰ Ayeuna kieu sabda PANGERAN: "Kami sebel nenjo geulang jimat maraneh pikeun ngawasaan pati hurip. Ku Kami rek didudut tina pigeulang maraneh, sarta jelema anu nyawana digenggem ku maneh ku Kami rek dibebaskeun.

²¹ Karempong-karempong jimat maraneh ku Kami rek disosoeh, sarta umat Kami anu aya dina genggeman pangawasa maraneh rek dibebaskeun keur salalawasna. Engke

maraneh bakal nyaraho yen Kami teh
PANGERAN.

²² Bohong maraneh geus meunggaskeun pangharepan umat Kami, anu ku Kami dimuga-muga ulah meunang kasusahan naon-naon. Maraneh nyegah jalma-jalma jahat eureun tina kajahatanana, nyegah maranehna disalametkeun hirupna.

²³ Ayeuna, pelengan-pelengan maraneh anu palsu jeung nyasabkeun teh ku Kami ditamatkeun semet ieu. Kami rek ngabebaskeun umat Kami tina genggeman maraneh, sangkan maraneh nyaho yen Kami teh PANGERAN."

1 4 ¹Aya sawatara urang kokolot Israil daratang ka kaula, naranyakeun pikersaeun PANGERAN.

²Tapi PANGERAN ngadawuh kieu ka kaula.

³"Eh anak manusa," dawuhana-Na, "eta jelema-jelema geus mikeun hatena ka brahala-brahala, daraek ku brahala dikusrukkeun kana dosa. Panyangkana Kami rek daek ngajawab?

⁴Jawab ku maneh, kieu sabda Kami, PANGERAN Nu Maha Agung: Tiap jelema anu geus mikeun hatena ka brahala, sarta daraek dikusrukkeun kana dosa, lamun menta bongbolongan ka nabi, Kami anu bakal ngajawabna, jawaban anu pantes katarima ku brahala-brahalana anu sakitu lobana!

⁵Eta brahala-brahala ngalantarankeun urang Israil naringgalkeun Kami. Tapi muga-muga jawaban Kami jadi lantaran maranehna saratia deui ka Kami.

⁶Ku sabab eta, bejakeun ka urang Israil ieu sabda Kami, PANGERAN Nu Maha Agung: Geura baralik deui ka Kami, tinggalkeun brahala-brahala maraneh anu pikaijideun.

⁷Samangsa-mangsa urang Israil, atawa urang asing anu matuh di urang Israil anu geus ninggalkeun Kami sarta nyembah ka brahala, lamun menta pituduh ka nabi, rek dijawab sorangan ku Kami, PANGERAN.

⁸Kami anu baris nyanghareupanana! Ku Kami arek disuguhan hiji misil. Geus kitu arek disingkirkeun ti kalangan umat Kami, sangkan nyarahoeun yen Kami teh PANGERAN.

⁹Jadi upama nabi ngabobodo ku jawaban palsu, eta memang dihaja ku Kami. Sarta anu nanyana ku Kami tangtu disingkahkeun ti urang Israil.

¹⁰Boh nabina, boh nu nanyana, duanana bakal dihukum, hukumanana sarua.

¹¹Ieu geusan ngajaga, sangkan urang Israil ulah nepi ka henteu malire ka Kami, ulah ngotoran dirina ku dosa. Urang Israil kudu jadi umat Kami, Kami anu kudu jadi Allah maranehna." Kitu timbalan PANGERAN Nu Maha Agung.

¹²PANGERAN nimbalan ka kaula.

¹³"Eh anak manusा," timbalana-Na,
"upama aya nagri anu nyieun dosa jeung
henteu satuhu ka Kami, leungeun Kami
bakal ngabasmi bahan panganna. Sina
kalaparan, nepi ka paraeh, boh jelemana, boh
sato-satona.

¹⁴Najan upama Enoh, Danel jeung Ayub
harirup keneh di dinya, kaibadahanana ngan
bisa keur nyalametkeun dirina masing-masing
bae." Kitu timbalan PANGERAN Nu Maha
Agung.

¹⁵"Atawa bisa jadi Kami rek ngirimkeun
sato-sato galak sina maehan jalma-jalma,
nepi ka sakuliah nagri jadi bahaya sarta moal
aya nu bisa indit-inditan.

¹⁶Sanajan upama Enoh, Danel, jeung Ayub
harirup keneh di eta nagri, demi Kami Allah
anu jumeneng, PANGERAN Nu Maha Agung,
maranehna moal bisa nyalametkeun anakna-
anakna acan, ngan bisa nyalametkeun dirina
masing-masing bae, sarta eta nagri teh bakal
jadi leuweung.

¹⁷Atawa bisa jadi ku Kami nigrina sina
ditarajang ku perang, sina tumpur ku
pakarang perang, boh jelemana, boh
sato-satona beak disapu.

¹⁸Sanajan upama eta anu tiluan harirup
keneh di dinya, maranehna moal bisa
nyalametkeun anak-anakna acan, ngan ukur
bisa nyalametkeun dirina masing-masing bae,

demi Kami Allah anu jumeneng, PANGERAN Nu Maha Agung.

¹⁹Upama Kami nepi ka ngadatangkeun panyakit, sarta ku bawaning jengkel nepi ka maehan jelema jeung sasatoan kacida lobana,

²⁰sanajan upama Enoh, Danel jeung Ayub harirup keneh di dinya, demi Kami Allah anu jumeneng, PANGERAN Nu Maha Agung, maranehna moal bisa nyalametkeun anak-anakna acan, ngan bisa nyalametkeun dirina masing-masing bae. Kaibadahanana teh ngan bisa nyalametkeun maranehna masing-masing bae."

²¹Kieu sabda PANGERAN Nu Maha Agung, "Kami arek ngadatangkeun opat rupa hukuman anu pangbeuratna ka Yerusalem, nya eta: perang, kalaparan, sato galak jeung panyakit pikeun numpes, boh ka jelema boh ka sato.

²²Upama aya anu hirup keneh tur bisa nulungan anak-anakna, seug daratang ka maneh, tengetkeun, kumaha jahatna eta jelema-jelema teh. Tangtu maneh bakal ngarasa yen hukuman ti Kami ka Yerusalem teh adil kacida.

²³Tangtu tetela yen Kami ngahukum teh lain teu karana sabab." Kitu timbalan PANGERAN Nu Maha Agung.

15

¹PANGERAN nimbalan ka kaula.

²"Eh anak manusa," timbalana-Na,
"naon bedana areuy anggur jeung tangkal
kai? Naon leuwihna dahan tina tangkal anggur
ti kai-kai leuweung?"

³Bisa eta teh dijieun jadi hiji barang?
Bisa dijieun gantungan upamana, paragi
ngagantungkeun parabot?

⁴Alus keur nyieun seuneu wungkul. Lamun
tungtung-tungtungna geus beak kabeuleum
jeung tengahna geus jadi seuneu, na bisa
dipake juan-jieun?

⁵Keur memeh kaduruk geus teu bisa dipake
naon-naon, komo lamun geus tutung, moal
bisa kapake naon-naon."

⁶Ku sabab eta, kieu sabda PANGERAN Nu
Maha Agung: "Ibarat tangkal anggur diala ti
leuweung tuluy diduruk, jelema-jelema nu
araya di Yerusalem ku Kami rek dicokot,

⁷sarta tuluy dihukum. Maranehna kungsi
luput tina seuneu. Tapi ku seuneu anu ayeuna
mah pasti beak kaduruk. Waktu maranehna
keur dihukum kitu bakal tetela ka maneh yen
Kami teh PANGERAN.

⁸Maranehna geus miceun Kami. Ku sabab
kitu ieu kota ku Kami rek dijieun leuweung."
Kitu timbalan PANGERAN.

16

¹PANGERAN nimbalan ka kaula.

²"Eh anak manusa," timbalana-Na,
"bejakeun ka Yerusalem yen kalakuanana teh
pikageuleuheun."

³Bejakeun, kieu sabda PANGERAN Nu Maha Agung: Maneh dijurukeun di tanah Kanaan. Bapa maneh urang Emor, indung maneh urang Het.

⁴Basa maneh brol dijurukeun, euweuh anu daek mangeureutkeun tali ari-ari maneh, euweuh anu daek ngamandian, euweuh anu mangnetelankeun ku uyah, euweuh anu ngabedongan.

⁵Saurang ge euweuh anu haat ngalampahkeun kitu ka maneh. Jadi maneh ti barang brol ge euweuh anu mikanyaah, anggur dipiceun ka tegal.

⁶Kabeneran Kami ngaliwat, maneh katenjo keur roroesan dina getih. Maneh bobolokot keneh getih, Kami teu tega nenjo maneh kudu paeh.

⁷Seug ku Kami dirawatan sangkan gede, mun pepelakan sangkan alus jadina. Maneh ngagedean, ngajangkungan, jadi parawan. Susu mimiti nyeungseung, buuk geus panjang tapi sataranjang keneh.

⁸"Barang Kami ngaliwat deui, maneh geus mimiti beger. Awak maneh anu taranjang ku kami ditutupan ku baju Kami, sarta Kami ngedalkeun jangji seja mikacinta ka maneh. Estu, Kami ngayakeun jangji perkawinan jeung maneh, sarta maneh jadi milik Kami." Kitu sabda PANGERAN Nu Maha Agung.

⁹"Ti dinya Kami nyokot cai, getih maneh diseka, kulit maneh digosok ku minyak jetun.

¹⁰Geus kitu ku Kami didangdanan, bajuna disulam, selopna kulit anu pangalusna, beulit sirahna lawon linen, mantelna sutra.

¹¹Tuluy dipakean perhiasan, digeulangan, dikongkorongan,

¹²irung jeung ceuli diantingan, terus diterapan makuta endah.

¹³Perhiasan maneh kabeh tina perak, jeung emas, papakean kabeh disulam, lawonna sutra jeung linen. Daharna roti tina tarigu anu panglemesna, madu jeung minyak jetun. Maneh ngajanggelek jadi awewe nu geulis kawanti-wanti, sarta jadi ratu.

¹⁴Kageulisan maneh estu sampurna sarta kawentar ka unggal bangsa, sabab nya Kami anu ngajadikeun maneh sakitu geulisna." Kitu sabda PANGERAN Nu Maha Agung.

¹⁵"Tapi maneh kena-kena geulis jeung kawentar, maneh hees jeung unggal lalaki nu ngaliwat.

¹⁶Papakean ti Kami ku maneh dipake ngahias kamar-kamar paranti maneh nyembah brahala, sarta maneh mikeun awak ka unggal lalaki saperti awewe palacuran.

¹⁷Perhiasan-perhiasan perak jeung emas pamere Kami ku maneh dipake nyieun arca-arca lalaki, seug maneh nyelewer ka dinya.

¹⁸Papakean beunang nyulam pamere Kami ku maneh dipake ngadangdanan arca-arca, sarta arca-arcana ku maneh disuguhan

minyak jetun jeung seuseungitan pamere Kami.

¹⁹Kadaharan pamere Kami keur dahareun maneh, roti tina tarigu anu panglemesna, kitu deui minyak jetun jeung madu, ku maneh disuguhkeun ka eta arca-arca, ngalap berekahna." Kitu timbalan PANGERAN Nu Maha Agung.

²⁰"Barudak, nu lalaki nu awewe, beunang maneh ngajurukeun pikeun Kami, ku maneh diserenkeun ka eta arca-arca sesembahan maneh, dijieun kurban. Na teu cukup ku nyelewer, teu satia ka Kami teh,

²¹nepikeun ka anak-anak Kami ku maneh dikurbankeun ka brahala-brahala?

²²Salila maneh ngumbar kalakuan pikageuleuheun, bororaah inget ka mangsa keur budak, keur waktu bulucun, keur waktu roroesan dina getih."

²³Kieu timbalan PANGERAN Nu Maha Agung, "Cilaka maneh, cilaka! Geus sakitu jahatna teh

²⁴pek deui nyieunan tempat di unggal sisi jalan keur imah brahala-brahala, dipake enggon lacur.

²⁵Kageulisan maneh disered kana leutak, dibikeun ka nu laliwat, ganti poe rucah maneh beuki maceuh.

²⁶Malah nepi ka jeung urang Mesir, tatangga maneh anu kawentar napsu birahina, sangkan Kami tambah panas.

²⁷ Ayeuna Kami rek meta. Maneh rek dihukum, sarta sagala tanda kahemanan Kami ka maneh rek dicokot deui. Maneh arek diserenkeun ka urang Pelisti, anu geus ijideun nenjo kalakuan maneh anu teu boga susila.

²⁸ Lacur teu cukup ku lalaki-lalaki nu enggeus, tuluy ngacak ka urang Asur. Tapi sanggeus jadi langganan maranehna ge maneh can ngarasa keneh bae.

²⁹ Ditambah ku urang Babul, anu kawentar palinter usaha. Masih keneh maneh can ngarasa."

³⁰ Kieu sabda PANGERAN Nu Maha Agung: "Eta laku lampah maneh teh laku lampah awewe palacuran.

³¹ Di saban jalan nyieunan tempat keur imah brahala-brahala, dipake enggon ngalacurkeun awak. Tapi maneh mah lacur teh henteu parok jeung nu sejen, lain keur nyiar napkah.

³² Maneh mah awewe nyelewer ti salaki tuluy lacur jeung lalaki-lalaki sejen.

³³ Awewe lacur mah dibayar. Ari maneh kalah ka mere hadiah ka unggal kabogoh, malah ngosol-ngosol ku duit ka lalaki ti mana-mana, diajak hees bareng.

³⁴ Maneh ungkluk luar biasa. Maneh mah lain lacur kapaksa, da euweuh nu maksa. Maneh mah lain ngarah bayaran, kalah ka maneh anu ngahaja mayar ka lalaki. Beda ti nu sejen maneh mah."

³⁵Ayeuna dengekeun, eh Yerusalem,
ungkluk! Dengekeun ieu sabda PANGERAN.

³⁶Kieu sabda PANGERAN Nu Maha Agung: "Maneh ngalaanan pakean, tuluy saperti ungkluk, nyerenkeun awak ka kabogoh-kabogoh jeung ka brahala-brahala pikaijideun. Anak sorangan dipaehan, disuguh-suguhkeun ka brahala-brahala.

³⁷Ku sabab eta, urut kabogoh-kabogoh maneh ku Kami rek sina karumpul di dieu, boh nu ku maneh dipikaresep keneh, boh anu geus dipikangewa. Arek diriungkeun jeung maneh. Maneh ku Kami rek ditaranjangan, sina ditarongton.

³⁸Maneh rek dihukum ku lantaran ngalacurkeun diri jeung ku sabab maehan. Kami arek ngabudalkeun kajengkel jeung amarah. Maneh tangtu dihukum nepi ka paeh.

³⁹Arek disebakeun ka maranehna, ari maranehna bakal ngubrak-ngabrik tempat-tempat anu ku maneh dijieun tempat lacur jeung nyembah ka brahala-brahala. Papakean maneh ku maranehna bakal dirampid, kitu deui sagala perhiasan maneh, sarta maneh ditinggalkeun sataranjang.

⁴⁰Maranehna bakal ngahucuhkeun jalma rea sangkan maledogan maneh ku batu, sarta maranehna bakal nyacag awak maneh ku pedang.

⁴¹Imah-imah maneh bakal diduruk. Sajeroning maneh nandang hukuman, bakal

ditarongton ku sasama awewe-awewe.
Kami hayang nenjo maneh eureun tina
jadi ungkluk, hayang ngeureunkeun maneh
mahugi kabogoh-kabogoh.

⁴² Lamun geus nepi ka kitu kakara amarah
Kami bisa leler, kakara Kami bisa sabar deui.

⁴³ Maneh geus teu inget-inget ka waktu keur
budak keneh, heug nyieun kalakuan-kalakuan
anu ngahudang amarah Kami. Ayeuna sagala
kalakuan maneh teh ku Kami rek dibales.
Ku naon sakitu geus jahatna teh terus rucah
ongkoh?"

⁴⁴ PANGERAN nimbalan, "Kalakuan maneh
bakal dijieuun paribasa ku jalma rea: Nya
indung nya anak.

⁴⁵ Dasar maneh anak awewe indung maneh.
Indung maneh geuleuheun ka salakina jeung
ka anak-anakna. Saruana jeung dulur-dulur
maneh awewe, ijid ka salaki jeung ka anak.
Indung maraneh urang Het, bapa maraneh
urang Emor.

⁴⁶ Lanceuk maneh awewe ti kidul, nagri
Samaria katut desa-desana. Adi maneh ti
kaler, nagri Sadumu katut desa-desana.

⁴⁷ Geus puas maneh nuturkeun lengkah
paripolahna, niru kalakuanana anu
pikaijideun? Acan! Malah maneh mah acan ge
lila geus leuwih jahat ti batan maranehna."

⁴⁸ "Demi Kami Allah anu jumeneng,"
timbalan PANGERAN Nu Maha Agung, "adi
maneh nagri Sadumu katut desa-desana,

teu nepi ka boga kalakuan anu jahatna cara kalakuan maneh.

⁴⁹ Adi maneh saanak-anakna awewe teh kamagungan, rasa maneh lubak-libuk ku hakaneun, rasa maneh aman taya pikahariwangeun, embung malire ka nu kekere, embung haat ka nu malarat,

⁵⁰ sompong, bedegong. Ku Kami dibasmi. Maneh ge nyaho.

⁵¹ Kajahatan nagri Samaria ge acan aya saparona tina kajahatan maneh. Kajahatan maneh mah leuwih-leuwih matak ijidna teh. Dibandingkeun jeung kajahatan maneh, dulur-dulur maneh mah henteu jiga-jiga nu jahat.

⁵² Ku sabab eta maneh moal weleh-weleh nandangan kahinaan, lantaran leuwih doraka ti batan dulur-dulur maneh. Upama direndengkeun jeung maneh, dulur-dulur maneh mah teu jiga-jiga nu doraka. Ku sabab eta pek wiwirangna tanggung ku maneh, da maneh anu ngalantarankeun maranehna siga nu suci beresih."

⁵³ PANGERAN nimbalan ka Yerusalem, "Sadumu jeung Samaria katut desa-desana ku Kami arek dipulihkeun deui. Tangtu maneh oge bakal dijieg mukti deui.

⁵⁴ Maneh kudu era ku diri sorangan. Nenjo maneh meunang kahinaan, dulur-dulur maneh bakal ngarasa rada lipur.

55 Duanana bakal marukti deui. Maneh oge katut desa-desa maneh tangtu bakal dipulihkeun deui.

56 Lain bareto mah maneh moyok ka Sadumu, basa maneh keur jaya,

57 basa acan boga kalakuan anu sakitu jahatna? Ayeuna maneh sorangan anu bakal jadi poyokeun batur cara Sadumu, poyokeun urang Edom, poyokeun urang Pelisti, poyokeun tatangga-tatangga anu arijideun ka maneh.

58 Pek rasakeun balukarna eta kalakuan maneh anu mesum jeung pikaijideun teh." Timbalan PANGERAN.

59 PANGERAN Nu Maha Agung nimbalan, "Maneh ku Kami bakal dibales satimpal jeung kalakuan. Maneh geus hianat kana jangji, geus ngalanggar sumpah.

60 Mungguh Kami mah tetep seja tigin kana jangji, anu diikrarkeun ka maneh basa maneh keur ngora keneh. Kami bakal ngayakeun perjangjian jeung maneh, perjangjian anu umurna langgeng.

61 Engke ku maneh tangtu karasa yen kalakuan maneh teh kacida jahatna, nepi ka maneh era sorangan. Nya eta lamun lanceuk jeung adi maneh geus ngumpul deui jeung maneh, najan ieu teh henteu kasebut dina perjangjian antara Kami jeung maneh.

⁶²Eta perjangjian ku Kami rek dianyarkeun deui, sangkan maneh nyaho yen Kami teh PANGERAN.

⁶³Kabeh kasalahan maneh ku Kami tangtu bakal dihampura, sarta maneh oge bakal eling, bakal rumasa, nepi ka maneh moal wani ngembutkeun biwir-biwir acan." Kitu timbalan PANGERAN Nu Maha Agung.

17 ¹PANGERAN nimbalan ka kaula.

²"Eh anak manusa," timbalana-Na, "ucapkeun ieu misil ka urang Israil,

³sangkan nyarahoeun sabda Kami, PANGERAN Nu Maha Agung. Kieu: Aya hiji manuk rajawali kacida gedena, buluna alus, jangjangna rubak tur tohaga, hiber ka Gunung Libanon, motongkeun pucuk hiji tangkal kiputri.

⁴Eta pucuk dibawa ka hiji kota niaga, ka tempat para sudagar.

⁵Geus kitu manuk rajawali teh mindahkeun hiji petetan ti tanah Israil, dipelakkeun di hiji lahan anu subur jeung teu kurang cai.

⁶Petetan teh jadi tangkal anggur alus pisan, mani nguyupuk ngarambat ka mana-mana, regang-regangna tingpelengkung ka lebah manuk rajawali tea. Akarna jero, regang-regangna rekek, daunna gomplot, tangkalna mani teu tembong.

⁷Aya deui manuk rajawali sejen. Jangjangna rubak jeung tohaga, buluna kandel. Akar anggur teh malik ka lebah eta manuk, daunna

ge malik ngaroyom ka lebahna, hayang meunang cai leuwih loba ti batan di lahan tempat nangtungna.

⁸Padahal di dinya ge kacida suburna tur teu kurang cai, daunna geus gomplok, buahna moal teu leubeut, pijadieun tangkal anggur anu alus.

⁹Kami, PANGERAN Nu Maha Agung, rek nanya: Kira-kirana eta tangkal anggur teh bakal jadi tur hirup? Naha moal dirabut jeung akar-akarna ku rajawali anu melakna, buahna diorag, regang-regangna dipites-piteskeun sina terus paeh? Pikeun nyabutna teu kudu ku bangsa anu kuat atawa ku tanaga gede.

¹⁰Memang eta teh dipelak, tapi naha bakal jadi tur hirup? Jeung lamun katebak angin ti wetan naha moal perang?"

¹¹PANGERAN nimbalan ka kaula,

¹²"Tanyakeun ka eta bangsa anu bangkawarah, nyaho atawa henteu kana hartina eta misil. Omongkeun kieu: Bareto raja Babul datang ka Yerusalem, nyokot raja jeung para gegeden dibawa ka Babul.

¹³Ti turunan raja tea, aya saurang anu ku raja Babul diajak nyieun hiji perjangjian, jeung disumpah dipenta satiana. Jelema-jelema nu parentingna ku raja Babul dijieun tandon,

¹⁴maksudna supaya eta bangsa ulah bisa barontak, jeung supaya perjangjian tea bisa jalan.

¹⁵Tapi eta raja Yuda teu burung barontak, ngirim utusan ka Mesir, menta dikirim kuda jeung tentara loba. Kumaha pamentana teh bakal dicumponan? Kumaha eta pagaweanana teh bakal mulus? Naha eta anu ngalanggar jangji teh moal meunang hukuman?

¹⁶Demi Kami Allah nu jumeneng," timbalan PANGERAN Nu Maha Agung, "eta raja bakal paeh di Babul, lantaran ngalanggar sumpah jeung jangjina ka raja Babul, anu ngangkat manehna kana tahta.

¹⁷Balad Mesir anu gagah rongkah oge moal bisa nulungan manehna perang, upama urang Babul geus prak nyarieun gugunungan jeung ngarali lombang-lombang pikeun ngagempur jeung maehan.

¹⁸Manehna geus tangtu moal salamet, tamahana ngalanggar sumpah jeung jangji."

¹⁹PANGERAN Nu Maha Agung nimbalan, "Demi Kami Allah anu jumeneng, tangtu manehna ku Kami dihukum, lantaran ngalanggar jangji anu diikrarkeun kalawan sumpah nyebut jenengan Kami.

²⁰Ku Kami rek ditaheunan ku jaring, rek dibawa ka Babul, sina narima hukumanana lantaran henteu satia ka Kami.

²¹Baladna anu garagah bakal tumpur di pangperangan, anu harirup keneh bakal paburisat. Kakara engke nyaraho yen Kami teh PANGERAN. Kitu timbalan Kami, PANGERAN."

²²Kieu sabda PANGERAN Nu Maha Agung,
"Kami arek motong pucuk hiji tangkal kiputri
anu luhur, jeung rek ngala hiji sirung. Rek
dipelak di hiji gunung anu luhur,

²³gunung di Israil anu pangluhurna, sina
dahanan, sina buahan, jadi kiputri anu nya
gede nya luhur. Rupa-rupa manuk bakal
areunteup di dinya, baretah ngariuhan.

²⁴Tatangkalan di eta tanah bakal nyaraho,
Kami teh PANGERAN. Nu laluhur ku Kami rek
dituaran, nu harandap sina ngajarangkungan.
Nu harejo rek disina ngarangrangan, nu
ngarangrangan rek disina harejo. Kami,
PANGERAN geus ngandika kitu, tangtu baris
dibuktikeun, luyu jeung ucapan Kami."

18 ¹PANGERAN nimbalan ka kaula,
²timbalana-Na, "Paribasa naon anu
sok diarucapkeun di Israil? Kieu: Kolot nu
ngadahar buah anggur haseum, anak nu
ngarasa linu.

³Demi Kami Allah nu jumeneng," timbalan
PANGERAN, "eta paribasa moal disebut-sebut
deui di Israil.

⁴Unggal jalma, boh bapa, boh anak, umurna
Kami nu boga. Saha nu boga dosana, eta anu
kudu paeh.

⁵Upamakeun, aya jelema bageur, bener,
jujur.

⁶Henteu nyembah ka brahala urang Israil,
tara ngadahar kurban anu dibaktikeun di
tempat pamujaan brahala, tara ngagoda

pamajikan batur, tara sapatemon jeung awewe nu keur haid,

⁷ tara hianat, tara rarampas, daek mulangkeun barang anu dijieun tandon ku nu boga hutang, daek mere dahar ka nu kalaparan, mere pake ka nu teu boga pakean.

⁸ka nu nginjeum duit tara morot kauntungan, tara jail kaniaya, adil palamarta ka pada jalma.

⁹Cindekna tigin kana parentah-parentah Kami, tuhu kana hukum-hukum Kami. Eta nu ibadah kitu tangtu salamet," timbalan PANGERAN Nu Maha Agung.

¹⁰"Upamakeun eta jelema boga anak. Anakna ngarampog, maehan,

¹¹boga kalakuan anu ku bapana mah dipahing. Sok ngadahar kadaharan tina kurban-kurban di candi-candi, ngagoda pamajikan batur,

¹²hianat ka nu balangsak, rarampas, nahan barang anu ku nu boga hutang dijieun tandon, asup ka candi-candi umat brahala ngadon muja ka brahala-brahala pikaijideun,

¹³morot kauntungan ti nu nginjeum duit. Naha jelema kitu bakal salamet? Moal, moal salamet. Geus migawe kalakuan-kalakuan anu sakitu pikaijideunana mah kudu paeh, katulah ku dosana.

¹⁴Upamakeun eta jelema jahat teh boga anak, anakna nyahoeun yen bapana jahat, tapi teu nurutan jahat.

¹⁵ Teu milu muja ka brahala urang Israil,
teu milu ngadahar kadaharan tina kurban di
candi-candina, tara ngagoda pamajikan batur.

¹⁶ ka sasaha tara meres tara rarampas,
barang anu ditandonkeun ku manehna
dipulangkeun, daek mere dahar ka nu
kalaparan, mere pakean ka nu rudin,

¹⁷ mahing kana kajahatan, tara morot
kauntungan ka nu nginjeum duit, tuhu
kana hukum-hukum Kami, tigin kana
parentah-parentah Kami. Eta jelema moal
cilaka ku karana dosa bapana, hirupna tangtu
jamuga.

¹⁸ Sabalikna bapana anu tupa-tipu jeung
rarampas, jahat ka sasama hirup, tangtu
paeh ku dosana sorangan.

¹⁹ Carek maneh, Ku naon eta anakna wet teu
nanggung dosa bapana? Jawabanana: Anakna
mah bener lampahna, hade kalakuanana,
tuhu kana hukum-hukum Kami, nurut sarta
ati-ati, geus tangtu salamet.

²⁰ Nu kudu paeh mah nu boga dosana. Anak
moal bisa nanggung dosa bapa, bapa moal
bisa nanggung dosa anak. Mana nu hade
meunang ganjaran, mana nu jahat meunang
siksaan tina kajahatanana.

²¹ Lamun jalma jahat tobat tina kajahatanana
sarta nurut kana hukum-hukum Kami,
lampahna jadi bener, kalakuanana jadi hade,
tangtu salamet moal paeh.

²²Dosa-dosana kabeh dihampura, sarta ku sabab kalakuanana geus bener tangtu hirup.

²³Dikira Kami bungah ningali jalma doraka paeh?" timbalan PANGERAN Nu Maha Agung. "Kami leuwih bungah saupama ningali jelema tobat sangkan bisa hirup.

²⁴Sabalikna lamun jelema ibadah geus henteu ibadah tuluy nyieun kajahatan, nyieun hal-hal anu pikajideun anu biasa dipigawe ku nu jarahat, na eta teh kudu hirup? Moal, moal! Malah kabageuranana nu enggeus-enggeus moal diinget-inget acan. Kudu paeh ku tamahana, ninggalkeun ibadah terus migawe dosa.

²⁵Ari carek maraneh mah, Salah ari kitu mah PANGERAN teh. Dengekeun eh urang Israil. Carek pamikir maraneh jalan Kami kitu teh salah? Puguh jalan maraneh anu salah.

²⁶Lamun jelema ibadah geus henteu ngalampahkeun deui nu hade sarta terus nyieun kajahatan, seug paeh, paehna teh ku karana dosana sorangan.

²⁷Sabalikna lamun jelema jahat eureun tina kajahatanana tuluy nyieun kalakuan anu hade jeung bageur, eta teh matak rahayu kana hirupna.

²⁸Manehna eling tina kajahatanana, seug eureun tina nyieun dosa, geus tangtu moal paeh, geus tangtu hirup rahayu.

²⁹ Salah ari kitu mah PANGERAN teh, lain kitu carek maraneh, urang Israil? Puguh pikiran maraneh anu salah.

³⁰ Ayeuna Kami, PANGERAN Nu Maha Agung, ngabejaan ka maraneh, urang Israil, yen Kami bakal ngahukum ka maraneh satimpal jeung kalakuan maraneh. Geura areling tina kajahatan, sangkan ulah cilaka ku dosa sorangan.

³¹ Geura eureunan kajahatan maraneh, anyarkeun hate jeung pikiran. Na harayang paeh maraneh teh, eh urang Israil?

³² Kami mah henteu hayang ningali aya jelema paeh," timbalan PANGERAN Nu Maha Agung. "Geura tarobat supaya harirup."

19¹ Allah miwarang kaula nganyanyikeun ieu lagu duka pikeun dua urang pangeran Israil:

² Indung maneh lir singa bikang nu luar biasa, anu ngagedekeun anak-anakna di antara singa-singa jalu anu garalak.

³ Anakna nu hiji diwarah moro, tungtungna jadi tukang ngakan jelema.

⁴ Bangsa-bangsa mareunang beja, eta singa ditaheunan ku cubluk nepi ka beunang, tuluy digusur make kakait ka Mesir.

⁵ Indungna nu ngadadago, ngarasa yen anakna geus lapur, seug ngawarah hiji deui anakna, nepi ka gede jeung gagah.

⁶ Sanggeus jadi singa dewasa, milu jeung singa-singa sejen neangan mangsa. Ieu oge

diwarah moro, sarta jadi tukang ngakan jelema.

⁷ Eta singa ngadobrak benteng-benteng, ngacak-ngacak kotana, saban manehna ngagaur, jalma-jalma eusi nagri ngarasa sieun.

⁸ Jalma-jalma sabilulungan, ti mana-mana daratang. Eta singa geus dikepung, ditaheunan make jaring.

⁹ Sanggeus beunang, diasupkeun ka jero kandang, tuluy dibawa ka raja Babul, dijaga bisi leupas. Sada gaurna moal kadenge deui di pagunungan Israil.

¹⁰ Indung maneh saibarat tangkal anggur, nu dipelak sisi susukan. Ku sabab teu kurang cai, jadina alus, daunna gomplok buahna leubeut.

¹¹ Regang-regangna baradag sarta tareuas, pantes dijieun iteuk karajaan. Tangkalna terus keneh ngaluhuran, nepi kana mega, katembong ku sarerea tur semu iuh.

¹² Kek dicekel ku nu ambek, dirabut jeung akar-akarna, dibalangkeun kana taneuh, geus kitu katiup angin ti wetan, buahna gararing, dahan-dahanna saremplak, jaradi pangpung tuluy kahuru.

¹³ Eta tangkal tuluy dipelak di gurun keusik, tanah kelang euweuh cai.

¹⁴ Malah dahan-dahanna keuna ku seuneu, kahuru buahna beak. Dahanna geus teu pantes dijieun iteuk karajaan. Ieu hiji lagu duka; geus dinyanyikeun bulak-balik.

20¹ Dina taun katujuh aya di pangbuangan, dina tanggal sapuluh bulan lima, aya sawatara kokolot Israil daratang ka kaula rek marenta pituduh PANGERAN; maranehna dariuk hareupeun sim kuring.

²PANGERAN nimbalan kieu ka kaula,

³"Eh anak manusa," timbalana-Na,

"bejakeun ka eta jelema-jelema, kieu sabda PANGERAN Nu Maha Agung: Kutan maraneh teh rek marenta pituduh Kami? Demi Kami Allah anu jumeneng, Kami embung dipentaan naon-naon ku maraneh. Kitu timbalan Kami PANGERAN Nu Maha Agung.

⁴Eh anak manusa, bisi maneh arek ngelingan ka maranehna, heug, gugat kumaha pikaijideunana kalakuan karuhunna.

⁵Bejakeun, kieu sabda Kami: Basa Kami milih Israil Kami geus jangji. Di Mesir Kami nemongan ka maranehna sarta ngandika yen: Kami teh PANGERAN Allah maraneh.

⁶Kami harita sumpah seja ngaluarkeun maranehna ti Mesir, rek dibawa ka hiji tanah beunang Kami milih pikeun maranehna, tanah anu subur jeung panghadena.

⁷Kami meredih sangkan maranehna miceun arca-arca sesembahanana anu pikaijideun Kami, jeung sangkan ulah ngabakti ka brahala urang Mesir, sabab Allah maranehna mah Kami, PANGERAN.

⁸Tapi teu ngagarugu, malah ngaralawan. Arca-arcana anu pikaijideun teu dipariceun, tur masih ngabarakti keneh ka brahala urang Mesir. Tadina rek disiksa di Mesir keneh, sina nyaraho amarah Kami.

⁹Tapi diantep keneh, sabab bisi matak jenengan Kami dipoyok, lantaran di dinya, tempat maranehna numpang, Kami geus ngumumkeun yen urang Israil teh ku Kami rek dikaluarkeun ti Mesir.

¹⁰Geus kitu maranehna ku Kami dikaluarkeun ti Mesir, dibawa ka gurun keusik.

¹¹Di gurun keusik ku Kami dibere parentah-parentah jeung hukum-hukum Kami, anu nungtun kana rahayu saupama diturut.

¹²Sabat, tanda pamupakatan antara Kami jeung maranehna carek Kami kudu digumatikeun, geusan peringatan yen maranehna geus disucikeun ku Kami, PANGERAN.

¹³Tapi sabot di gurun keusik keneh maranehna geus ngalawan. Parentah-parentah Kami, jeung hukum-hukum Kami anu nungtun kana rahayu saupama diturut, ku maranehna ditolak. Sabat Kami oge kacida dilalaworakeunana. Tadina rek dibasmi di dinya keneh, di gurun keusik, sina nyaraho bendu Kami.

¹⁴Tapi diantep keneh, sabab bisi matak jenengan Kami dipoyok ku bangsa-bangsa

anu nyaraktsian Kami mingpin urang Israil ti Mesir.

¹⁵Tapi Kami sumpah yen maranehna moal tulus dibawa ka tanah anu geus dijangjikeun, tanah anu subur jeung panghadena tea.

¹⁶Kami ngucap kitu teh lantaran maranehna nampik kana hukum-hukum Kami, ngalanggar parentah-parentah Kami, sarta ngalalaworakeun Sabat, leuwih resep nyembah ka brahalana sorangan.

¹⁷Najan kitu Kami masih keneh mikarunya. Ku Kami diputus yen maranehna moal dibasmi di gurun keusik.

¹⁸Papadaning kitu, anak-anakna ku Kami dipepelinan supaya ulah nurut kana aturan-aturan beunang nyieun karuhunna, ulah kabawa ku kabiasaanana, ulah nganajiskeun maneh ku nyembah ka brahalana.

¹⁹Kami teh PANGERAN, Allah maraneh. Masing nurut kana hukum-hukum jeung parentah-parentah Kami.

²⁰Gumatikeun poe Sabat pikeun tanda yen Kami jeung maraneh geus mupakat, jeung sangkan aringet yen Kami teh PANGERAN, Allah maraneh.

²¹Tapi anak-anakna oge ngaralawan. Parentah-parentah Kami dilanggar, hukum-hukum Kami anu nungtu kana rahayu saupama diturut, ku maranehna ditampik, poe Sabat dilalaworakeun. Tadina mah rek

dibasmi di dinya keneh di gurun keusik, sina nyaraho bendu Kami.

²²Tapi teu kungsi dikitukeun, sangkan jenengan Kami ulah direndahkeun ku bangsa-bangsa anu nyarahoeun waktu Kami mawa urang Israil ti Mesir.

²³Ku sabab eta Kami di gurun keusik mere jangji sarupa deui. Kami geus sumpah yen maranehna tangtu dipaburencaykeun ka sakuliah dunya.

²⁴Kami nepi ka kitu teh lantaran maranehna nolak kana parentah-parentah Kami, ngarempak hukum-hukum Kami, nganistakeun Sabat Kami, jeung ngabarakti ka brahala anu disarembah ku karuhun-karuhunna.

²⁵Ti dinya maranehna ku Kami dibere hukum-hukum anu teu hade jeung parentah-parentah anu teu matak mawa kana pihirupeun.

²⁶Ku Kami dihaja sina nganistakeun diri ku kurban-kurban tarekahna sorangan, jeung diantep sina ngurban-ngurbankeun anak-anakna anu cikal, geusan hukumanana sarta sina nyaraho yen Kami teh PANGERAN.

²⁷Eh anak manusa, bejakeun ka urang Israil ieu dawuhan Kami, PANGERAN Nu Maha Agung. Aya deui kituh peta karuhun-karuhunna ngagogoreng ka Kami ku kalakuan-kalakuanana anu teu satia teh.

²⁸ Keur waktu maranehanana ku Kami dibawa asup ka tanah anu dijangjikeun tea, barang narenjo pasir-pasir anu laluhur jeung tatangkalan anu garomplok teh tuluy bae dikurbanan. Barang-barang kurbanna, sato anu diduruk kitu deui anggur panyuguhanana ngahudang amarah Kami.

²⁹ Maranehna ku Kami dipariksa: Tempat-tempat luhur anu dijarugjug ku maraneh teh naon? Ti harita, eta tempat ku maranehna disarebut Tempat-tempat Luhur.

³⁰ Bejakeun ieu dawuhan Kami PANGERAN Nu Maha Agung ka urang Israil: Ku naon kalakuan maraneh garoreng cara kalakuan karuhun maraneh sarta anut ka brahala-brahalana?

³¹ Tur nepi ka kiwari pisan maraneh nyuguhkeun pangbakti nu karitu, jeung nganistakeun diri ka brahala-brahala anu disarembah ku karuhun-karuhun maraneh, nepi ka ngaduruk anak-anak sorangan dikurban-kurbankeun. Ari ayeuna maraneh, eh urang Israil, make hayang nanyakeun pikersaeun Kami! Demi Kami PANGERAN Nu Maha Agung, Allah anu jumeneng, pananya maraneh ku Kami moal dipirosea.

³² Maraneh geus boga karep rek nurutan bangsa-bangsa batur, nurutan urang nagri sejen sarta nyarembah kana tatangkalan jeung batu-batu. Tapi eta pakarepan teh hamo bukti."

³³"Masing nyaraho, demi Kami PANGERAN Nu Maha Agung, Allah anu jumeneng, sajeroning amarah Kami baris marentah ka maraneh kalawan keras, ngagunakeun sagala kakawasaan.

³⁴Lamun maraneh geus kumpul kabeh, geus dipulangkeun ti nagri-nagri tempat maraneh bacacar, kakawasaan katut amarah Kami rek ditembongkeun ka maraneh.

³⁵Maraneh rek diteundeun di Gurun Bangsa-bangsa, sarta di dinya Kami bakal nyanghareupan maraneh rek balitungan.

³⁶Bareto Kami balitungan jeung karuhun maraneh di Gurun Sinai, kiwari arek balitungan teh jeung maraneh," kitu timbalan PANGERAN Nu Maha Agung.

³⁷"Maraneh rek diawaskeun enya-enya ku Kami, tur dipaksa kudu nurut kana perjangjian Kami.

³⁸Tukang-tukang barontakna, anu jarahatna, baris disingkir-singkirkeun. Baris dikalaluuarkeun ti nagri-nagri tempat ngalumbarana, tapi moal dipulangkeun ka tanah Israil. Engke kakara maraneh nyaho yen Kami teh PANGERAN."

³⁹PANGERAN Nu Maha Agung nimbalan, "Eh urang Israil, ayeuna kumaha maraneh bae. Pek dosa terus, jeung sarembah eta brahala-brahala maraneh teh! Tapi awas, sanggeus eta maraneh kudu nurut ka Kami, ulah nyuguh-nyuguh deui ka brahala-brahala

maraneh anu matak nganistakeun jenengan Kami anu suci.

⁴⁰ Engke di tanah anu di ditu, di gunung Kami anu suci, di gunung anu luhur di tanah Israil, maraneh urang Israil kabeh bakal ngabarakti ka Kami. Kami bakal sugema ka maraneh, sarta ngarep-ngarep maraneh mawa kurban-kurban anu pangutamana katut pangabakti anu suci.

⁴¹ Sanggeusna maraneh ku Kami dikaluarkeun ti nagri-nagri tempat maraneh bacacar sarta geus karumpul kabeh, Kami baris narima ti maraneh kurban-kurban anu diduruk sarta baris katembong ku bangsa-bangsa sejen yen Kami teh suci.

⁴² Saupama maraneh ku Kami geus dipulangkeun ka tanah Israil, tanah anu geus dijangjikeun rek dibikeun ka karuhun maneh tea, kakara maraneh bakal nyaraho yen Kami teh PANGERAN.

⁴³ Ti dinya kakara maraneh bakal areling, yen sagala kalakuan maraneh teh goreng tur matak nista kana diri.

⁴⁴ Lamun Kami engke ngabela kahormatan Kami, harita maraneh urang Israil, tangtu nyaraho yen Kami teh PANGERAN, moal ngahukum maraneh satimpal jeung kalakuan-kalakuan maraneh anu sakitu jahatna jeung dorakana." Kitu timbalan PANGERAN Nu Maha Agung.

⁴⁵ PANGERAN nimbalan ka kaula.

⁴⁶Dawuhana-Na, "Eh anak manusa, tempo ka kidul. Ngomong ka tebeh kidul, tepikeun ieu ramalan ngeunaan leuweung di kidul.

⁴⁷Omongkeun ka eta leuweung kidul, dengekeun kituh ieu timbalan PANGERAN Nu Maha Agung: Awas! Kami rek nimbulkeun seuneu, sina ngahuru saban tangkal nu aya di maneh, nu saleger keneh, kitu deui nu geus gararing. Eta seuneu hamo aya nu bisa mareuman. Rek disina nerekab ti kidul nepi ka kaler, sarta karasa panasna ku sarerea.

⁴⁸Baris kasaksian ku sakabeh yen Kami anu ngahuruna tur hamo aya nu bisa mareuman."

⁴⁹Tapi kaula unjukan kieu, "Nun PANGERAN Nu Maha Agung, abdi ulah dipiwarang nyanggemkeun kitu. Jalmi-jalmi tangtos rumahuh, nyebatkeun yen abdi salamina mung nyanggemkeun teguheun bae."

21 ¹PANGERAN nimbalan ka kaula,
²dawuhana-Na, "Eh anak manusa, carekan ku maneh Yerusalem. Cela tempat-tempat ibadahna. Bewarakeun ka tanah Israil,

³yen Kami, PANGERAN, ngandika kieu: Kami ngamusuh ka maraneh. Kami rek mesat pedang ngabasmi maraneh kabeh, boh nu jarahat, boh nu balageur.

⁴Ti kaler nepi ka kidul, kabeh ku Kami rek disabetan ku pedang.

⁵ Saban jalma bakal nyaho yen Kami PANGERAN geus nyabut pedang tur moal disarungkeun deui.

⁶ Eh anak manusa, geura ngalengis saperti keur ngarakacak hate pinuh ku kaprihatinan. Geura ngalengis, sing kanyahoan ku sarerea.

⁷ Upama ku maranehanana ditanya ku naon ngalengis, jawab lantaran bakal datang hiji beja. Lamun eta beja geus datang, maranehna tangtu geumpeur, leungeunna bakal ngareplek, tuurna bakal nyorodcod, wawanenna bakal leungit. Ayeuna geus cunduk waktuna." Kitu timbalan PANGERAN Nu Maha Agung.

⁸ PANGERAN nimbalan ka kaula,

⁹ "Eh anak manusa, ramalkeun ku maneh kieu: Bejakeun ka maranehna kieu kituh timbalan Kami, Pangeran: Pedang! Pedang geus diasah, geus dikosokan.

¹⁰ Pang diasah rek dipake meuncit, pang dikosok sangkan ngabaranyay lir kilat. Umat Kami moal disina suka-suka deui, sabab geus ngajojore sagala panggeuing reujeung hukuman.

¹¹ Eta pedang geus dikosokan, geus herang ngan kari make. Diasah jeung dikosokan, pakeeun nu baris meuncitan.

¹² Eh anak manusa, geura midangdam jejeritan, sabab eta pedang bakal narajang ka umat Kami, jeung ka sakabeh gegeden Israil. Kabeh geus tangtu dipareuncitan, bareng

jeung sasesana umat Kami. Anu matak, geura neunggeulan harigu lantaran nalangsa.

¹³Kami rek nguji umat, upama henteu tarobat, pasti kasabet ku bahla.

¹⁴Maneh, eh anak manusa, geura ngaramal. Keprok-keprokkeun leungeun maneh, engke eta pedang bakal terus nguwak-ngawik. Pedang nu bakal maehan, nu pikapaureun, nu bakal ngajagal.

¹⁵Umat Kami bakal leungit wawanenna ku eta pedang, bakal tingkudupruk. Kotana ku Kami arek diancam ku pedang anu ngolebat lir kilat, siap nyabet.

¹⁶Geura nyabet ngenca ngatuhu, he pedang seukeut! Nyabet ka mana maneh nyanghareup.

¹⁷Kami sorangan rek kekeprokan, geus kitu kakara amarah Kami bisa leler. Kitu timbalan Kami PANGERAN."

¹⁸PANGERAN nimbalan ka kaula,

¹⁹timbalana-Na, "Eh anak manusa, gambarkeun dua jalan anu baris disorang ku raja Babul katut pedangna. Eta dua jalan kudu sarua mimitina ti hiji kota. Di lebah nu nyagak berean papan tuduh jalan, geusan tanda ka eta raja.

²⁰Nu hiji jalan ka Raba, kotana urang Amon, nu hiji deui jalan ka Yerusalem, kota anu tohaga, di tanah Yuda.

²¹Lebah papan tuduh jalan di nu nyagak tea eta raja bakal ngarandeg heula. Tuluy ngoclok

jamparing jeung nanya ka brahalana, terus
nenjoan kalilipa sato kurban, menta pituduh
jalan mana anu kudu disorang.

²²Ceg! Leungeun katuhuna nyekel jamparing
anu make tanda nuduhkeun ka Yerusalem.
Ceuk jamparingna ka dinya manehna kudu
masang paranti ngadobrak, ngagorowokkeun
panyeluk jurit, nangoh-nangohkeun
panggedor kana panto eta nagara, nyieun
gugunungan jeung ngalian lombang.

²³Urang Yerusalem taya nu nyaho baris
kitu, sabab jeung eta raja geus nyieun
perjangjian. Tapi ieu ramalan teh geusan
ngingetkeun maranehna kana dosa-dosana,
sarta pikeun mere nyaho yen maranehanana
bakal ditarangkepan.

²⁴Ku sabab eta kieu timbalan Kami,
PANGERAN Nu Maha Agung, Dosa-dosa
maneh geus ngaboleker. Geus kanyahoan ku
sarerea yen maneh teh doraka kabina-bina.
Saparipolah maneh ngan jahat bae. Maneh
tangtu dihukum, ku Kami rek diselehkeun ka
leungeun musuh.

²⁵Eh maneh raja Israil, raja jahat jeung
doraka, hukuman maneh geus tereh poena.

²⁶Kitu timbalan Kami, PANGERAN Nu Maha
Agung. Buka eta makuta jeung dastar teh.
Kaayaan ayeuna geus robah. Nu malarat
bakal diangkat, nu agung bakal dirurud.

²⁷Rugrug, rugrug! Enya, eta kota teh ku
Kami rek dirugrugkeun. Ngan moal waka

ayeuna-ayeuna, ngadago heula jelema anu ku Kami baris kapilih geusan ngabinasa eta kota, sarta eta kota baris diserenkeun ka manehna."

²⁸"Eh anak manusa, ramalkeun. Embarkeun ieu dawuhan Kami ka urang Amon anu ngagogoreng ka Israil. Kieu: Aya pedang geus dibatek bakal nyabet, geus dikosokan geusan ngababad, ngabaranyay lir kilat.

²⁹Sakabeh tetenjoan dina pameleng maneh palsu. Panujum maneh barohong. Jahat maneh teh, doraka. Maneh geus tereh dihukum, tereh poena. Eta pedang baris ninggang, neukteuk beuheung maneh.

³⁰Sarungkeun pedang maneh! Di tempat maneh diciptakeun, di nagri tempat maneh dijurukeun, maneh ku Kami arek dihukum.

³¹Maneh tangtu bakal ngarasa amarah Kami ana geus budal lir seuneu ngagudag-gudag. Maneh arek diselehkeun ka hiji jelema anu dedegler, ahli ruruksak.

³²Maneh bakal dibasmi ku seuneu. Getih maneh bakal ngabayabah maseuhan nagri sorangan, maneh hamo aya anu nginget-nginget deui." Kitu timbalan PANGERAN.

22 ¹PANGERAN nimbalan ka kaula.

²Timbalana-Na, "Eh anak manusa, maneh daek ngahukum eta kota anu pinuh ku tukang maehan? Eceskeun ka dinya sagala kalakuanana anu pikageuleuheun.

³Bejakeun kieu timbalan Kami, PANGERAN Nu Maha Agung: Ku sabab maneh maehan rahayat sorangan sakitu lobana, sarta nganistakeun diri nyembah ka brahala, pitungtungeun maneh geus deukeut.

⁴Ku lantaran maneh boga salah maehan jeung nganistakeun diri ku brahala jieunan sorangan, poe panungtungan maneh geus deukeut, hirup maneh tereh enggeusan. Eta sababna maneh ku Kami diantep diparoyok ku bangsa-bangsa, dijarebian ku ungal nagri.

⁵Nagara-nagara anu dareukeut anu jarauh tingjarebi ka maneh, lantaran maneh nirca tina hukum.

⁶Gegeden-gegeden Israil arumangkeuh ku kakawasaanana, sarta gawena maehan.

⁷Jalma-jalma pangeusi nagri taya saurang nu hormat ka indung bapa. Urang asing ku maneh dihianat. Randa-randa jeung pahatu bandana ku maneh direbut.

⁸Maneh teu ngahargaan kana tempat-tempat suci, teu gumati kana Sabat.

⁹Rahayat maneh loba nu silih pitenah ngarah batur paeh. Sawareh ngadalahar kurban anu disuguhkeun ka brahala-brahala. Sawareh haben karokomoan ngalumbar napsu.

¹⁰Sawareh ngaheesan pamajikan bapana. Sawareh maraksa ka awewe nu keur haid.

¹¹Sawareh jarinah, sawareh ngaruksak kasucion anak terena atawa dulur terena.

¹² Sawareh daraek diupah dititah maehan. Sawareh silih akalan jeung papada urang Israil keneh, silih sikut bati leuwih ti misti, nepi ka loba anu baleunghar ku jalan kitu. Geus maropohokeun ka Kami." Kitu timbalan PANGERAN Nu Maha Agung.

¹³ "Ieu peureup Kami baris ninggang ka maneh nu sok rarampog jeung maehan.

¹⁴ Naha rek boga keneh kawani, rek boga keneh tanaga ngulangkeun leungeun lamun ku Kami diberesan? Kitu timbalan Kami PANGERAN, tur tangtu dibuktikeun.

¹⁵ Rahayat maneh rek sina paburantak, papencar ka saban nagri jeung bangsa, sarta kalakuan maneh anu jahat baris dieureunkeun ku Kami.

¹⁶ Ku sabab eta maneh bakal dihina ku bangsa-bangsa, sarta maneh bakal nyaho yen Kami teh PANGERAN."

¹⁷ PANGERAN nimbalan ka kaula,

¹⁸ "Eh anak manusia, urang Israil keur Kami taya gunana, teu beda ti kokotor logam, kayaning tambaga, timah, beusi, timah hideung, anu tinggaleun sanggeus perakna disangling dina pangleburan.

¹⁹ Ku sabab eta ceuk Kami, maranehna teu beda ti kitu, taya gunana. Ku Kami rek dikumpulkeun di Yerusalem,

²⁰ cara ngagundukkeun wiji-wiji perak, tambaga, beusi, timah jeung timah hideung dina pangleburan. Maranehna baris lebur ku

amarah jeung wera Kami, cara wiji perak lebur ku seuneu.

²¹ Tangtu ku Kami dikumpulkeun di Yerusalem, ti handap digebos ku seuneu, sina lebur ku amarah Kami.

²² Pasti, pasti maranehna lebur di Yerusalem, kawas perak dilebur dina pangleburan, kakara maranehna bakal nyaraho kana werana PANGERAN."

²³ PANGERAN ngandika deui ka kaula.

²⁴ Pangandika-Na, "Eh anak manusa, bejakeun ka urang Israil, tanah maranehna teh tanah najis. Ku lantaran kitu amarah Kami baris ngahukum ka dinya.

²⁵ Gegeden-gegedenna kawas singa guar-gaur nyasaak sato nu dimangsana. Rahayat ku eta diparaehan, duit jeung babandaanana sakur nu bisa dirampas mah dirampas kabeh, awewe jaradi randa, lantaran salakina diparaehan.

²⁶ Imam-imamna ngarempak hukum-hukum Kami, tur teu ngajenan kana barang-barang suci. Geus teu ngabedakeun mana nu suci mana nu biasa. Henteu ngajarkeun bedana barang halal jeung barang haram, kana Sabat ngalalaworakeun. Temahna jalma-jalma jadi taya hormatna ka Kami.

²⁷ Pajabat-pajabat pamarentahna kawas ajag nyasaak sato mamangsanna, maehan teu asa-asa dapon matak beunghar.

²⁸ Ari ku nabi-nabina eta dosa-dosa teh dikilungan, kawas tembok dikapur. Tetenjoan-tetenjoan pamelengna paralsu, ramalanana taya benerna. Aku-akuna mah magar ngucapkeun sabda PANGERAN Nu Maha Agung, padahal Kami, PANGERAN, teu nyabda ka maranehna.

²⁹ Nu hianat jeung nu rarampog nerekab. Nu balangsak diteungteuinganan, urang asing bandana dirampas.

³⁰ Kami keur neangan jelema anu pibisaeun ngadegkeun, atawa anu baris bisa tagen di lebah kuta anu geus rugrug, ngabela eta tanah dina waktuna amarah Kami rek ngarempug inya, tapi teu manggih saurang-urang acan.

³¹ Anu matak Kami rek ngabudalkeun amarah lir ngumbar seuneu, geusan ngabasmi maranehna ku tina kalakuan-kalakuanana." Kitu timbalan PANGERAN Nu Maha Agung.

23 ¹PANGERAN ngadawuh ka kaula,
²dawuhana-Na, "Eh anak manusia,
 hiji mangsa aya dua awewe adi lanceuk.

³ Waktu keur ngorana keneh, keur waktu matuh di Mesir duanana geus kauculan parawanna, sarta terus ngalacurkeun maneh.

⁴ Lanceukna ngaranna Ohola (ieu ngupamakeun nagri Samaria), adina ngaranna Oholiba (ngupamakeun nagri

Yerusalem). Duanana ku Kami ditikah nepi ka baroga anak.

⁵ Ohola, geus jadi pamajikan Kami oge lacurna mah angger bae, muaskeun napsu ka kabogoh-kabogohna ti Asur.

⁶ Eta kabogoh-kabogohna teh anggota tentara, anu marake seragam wungu, para bangsawan, jeung para pajabat luhur, kabehanana perwira-perwira pasukan kuda, sarta karasep.

⁷ Ohola jadi ungkluk eta perwira-perwira Asur, jeung ku perbawa napsu birahina, manehna tuluy nganistakeun diri nyembah ka brahala urang Asur.

⁸ Adat lacurna anu dimimitian ti Mesir, urut manehna kauculan parawanna tea, diteruskeun. Ti keur parawan keneh geus biasa sok ngedeng jeung lalaki-lalaki, anu ngalayananana sakumaha ka awewe palacuran.

⁹ Nya tuluy ku Kami diserenkeun bae ka kabogoh-kabogohna, urang Asur tea, anu ku manehna kacida dipikabogohna.

¹⁰ Seug ku maranehanana ditaranjangan, anak-anakna dicarerek, sarta manehna sorangan dipaehan ku pedang. Nasibna pada ngomongkeun ku papada awewe di mana-mana.

¹¹ Ari Oholiba, adina, sangkilang nyahoeun, tapi malah lacurna leuwih gawok ti batan Ohola.

¹² Manehna oge nyoso bogohna teh ka para bangsawan jeung para pajabat Asur prajurit-prajurit anu marake seragam hurung-herang jeung ka para perwira pasukan kuda, kabeh nonoman-nonoman karasep.

¹³ Katilikna ku Kami eta awewe teh geus bejad pisan susilana, goreng lampah teu beda ti lanceukna.

¹⁴ (23: 14-15) Hirupna beuki lila beuki tilelep dina lampah anu mesum. Manehna katarik ku gambar-gambar satria bangsa Babul, anu diukir dina tembok jeung dicet beureum burahay, cangkengna marake solempang, sirahna marake dastar alus pisan.

¹⁵ (23: 14)

¹⁶ Barang nenjo ge manehna ujug-ujug kagembang, nepi ka tuluy nitahan jelema ka tanah Babul.

¹⁷ Urang Babul seug daratang, rek ngaradon sapatemon jeung eta awewe. Seug eta awewe teh ku maranehna diparake, kacida dirurujitna, nepi ka tungtungna eta awewe teh jadi boseneun.

¹⁸ Jalma-jalma geus taya nu bireuk deui yen eta awewe teh awewe palacuran, kawantu manehna ngahaja nangarkeun maneh. Kami cua ka manehna, cara ka lanceukna.

¹⁹ Lacurna beuki gawok, teu beda ti keur ngorana basa keur ngalacurkeun dirina di Mesir.

²⁰ Nyosona teh ka lalaki-lalaki anu napsu birahina luar biasa, anu gede napsu sahwatna kawas kuda jalu.

²¹ (Eh Oholiba, maneh teh hayang malikan kalakuan maneh anu bejad basa keur parawan keneh di Mesir, basa lalaki-lalaki urang ditu nyonyoo susu maneh nepi ka maneh kauculan parawan.)"

²² "Ayeuna eh Oholiba, kieu timbalan Kami, PANGERAN Nu Maha Agung. Maneh geus ngarasa sebel ka eta kabogoh-kabogoh teh. Tapi maranehna ku Kami rek disina arambekeun ka maneh, disina daratang ka dieu ngepung maneh.

²³ Urang Babul katut urang Kaldea, urang Pekod, urang Soa, urang Koa, kitu deui urang Asur kabeh. Eta para bangsawan jeung para anu karasep, kabeh para pajabat penting jeung perwira-perwira luhur ti pasukan kuda, ku Kami rek disina kumpul.

²⁴ Sina nempuh ka maneh ti beulah kaler, baladna gede, mawa kareta-kareta perang jeung kareta-kareta bekel. Kabeh nyarikep tameng jeung marake topi waja, ningker ka maneh. Maneh ku Kami rek diselehkeun, ari ku maranehna bakal dihukum nurutkeun undang-undangna.

²⁵ Ku sabab Kami ambek, maranehna oge sina arambekeun ka maneh. Irung maneh ku maranehanana bakal disumpungan, ceuli maneh dirumpungan. Anak-anak maneh bakal

diparaahan nu awewe nu lalaki, digalusuran tuluy didaruruk hirup-hirup.

²⁶Papakean maneh bakal dirarajet, perhiasan-perhiasan maneh dirampas.

²⁷Pangabeuki maneh kana lampah cabul ti Mesir keneh, ku Kami rek dieureunkeun. Maneh geus hamo bisa neuleu-neuleu deui brahala-brahala atawa nginget-ningget deui urang Mesir."

²⁸Kieu timbalan PANGERAN Nu Maha Agung, "Maneh ku Kami rek diselehkeun ka jelema-jelema anu ku maneh geus dipikabosen jeung dipikacua.

²⁹Jeung ku sabab maranehanana geus sarebeleun ka maneh, sagala rupa harta banda beunang maneh usaha ku maranehna bakal dirampid, maneh disina sataranjang nepi ka tetela yen maneh teh awewe ungkluk. Napsu katut lampah lacur maneh keneh,

³⁰anu ngalantarankeun maneh nepi ka kitu. Maneh geus jadi ungklukna bangsa-bangsa jeung nganistakeun diri ku arca-arcana.

³¹Maneh geus nurutan lampah lanceuk maneh, ku sabab kitu maneh oge ku Kami rek ditibanan hukuman anu geus ditibankeun ka lanceuk maneh."

³²PANGERAN Nu Maha Agung nimbalan, "Maneh kudu nginum tina gelas lanceuk maneh, anu nya gede nya jero. Sina dilewe jeung dipupuas ku saban jalma, sabab gelasna nepi ka leber.

³³ Sing nepi ka maneh enek jeung sebel nginum eta eusi gelas lanceuk maneh Nyi Samaria, anu pinuh ku rasa kaketir jeung kabinasaan.

³⁴ Inum, leguk ku maneh nepi ka beak, teureuy jeung bubuk-bubuk belingna, nepi ka maneh nyakaran harigu sorangan. Kitu timbalan Kami, PANGERAN Nu Maha Agung."

³⁵ Kieu deui dawuhan PANGERAN Nu Maha Agung, "Ku sabab maneh geus mophohokeun jeung geus nukangan ka Kami, maneh bakal nandang sangsara, nanggung balukar hawa napsu kana lacur."

³⁶ PANGERAN nimbalan ka sim kuring, "Eh anak manusa, kumaha maneh daek ngahukum Ohola jeung Oholiba, bari ngabolekerkeun sagala paripolahna anu pikacuaeun teh?

³⁷ Maranehna geus ngaranyed jeung maehan, ngaranyed ka brahalana jeung maehan anak-anak Kami nu lalaki beunangna ngajurukeun. Anak-anak Kami nu lalaki ku maranehanana dikurban-kurbankeun ka brahalana.

³⁸ Lain eta bae kagorenganana teh. Bait Kami dirurujit, Sabat Kami nu ku Kami geus diresmikeun, dinistakeun.

³⁹ Tas maehan anak-anak Kami diparab-parabkeun ka brahalana, poe eta keneh maranehna ngasupan jeung ngarurujit Bait Kami!

⁴⁰ Helang deui, helang deui, maranehanana ngirim utusan-utusan ka tempat anu jauh pisan, ondang-ondang. Jalma-jalma teh daratang. Ohola jeung Oholiba marandi beberesih, panonna disipat, perhiasanana diparake.

⁴¹ Gek dariuk dina ranjang anu alus, nyanghareupan sisihan nu ngabarik dina meja, malah seuseungitan jeung minyak jetun pamere Kami ge aya dina eta meja.

⁴² Ti luar kadenge ngageder sora jalma-jalma anu keur lalugina hate, beunang ngondangan ti gurun keusik. Eta dua awewe ku maranehna digeulangan, sarta diterapan makuta mulya.

⁴³ Ceuk Kami ngomong sorangan, uyuhan daraek eta lalaki-lalaki teh lalacur jeung awewe ruruntuk anu geus ruksak awahing ku beuki ngaranyed.

⁴⁴ Mani jol deui, jol deui maranehna ka eta dua awewe ungkluk teh. Bagilir daratang ka si Ohola jeung si Oholiba, awewe anu ruksak ahlakna.

⁴⁵ Ku jelema anu bener mah eta dua awewe teh tangtu dicap si tukang ngaranyed, si tukang maehan, da enya duanana beuki ngaranyed sarta leungeunna lamokot ku getih."

⁴⁶ Kieu timbalan PANGERAN Nu Maha Agung, "Maranehna sina didatangan ku gorombolan tukang rusuh, sina dirampog.

⁴⁷ Ingkeun sina dibaraleogan ku batu ku maranehanana, sina disarabetan ku pedang, anak-anakna sina diparaahan, imahna sina diduruk.

⁴⁸ Geus kitu ieu nagri ku Kami rek diberesihan tina ahlak nu bejad, sangkan jadi panggeuing ka unggal awewe yen ulah ngaranyed, ulah kawas eta awewe anu duaan.

⁴⁹ Ari maneh, eh awewe adi lanceuk, maneh tangtu dihukum ku Kami, lantaran ahlak maraneh geus rusak, jeung ku sabab dosa maraneh nyembah ka brahala. Geus kitu maraneh kakara bakal nyaraho yen Kami teh PANGERAN Nu Maha Agung."

24 ¹Dina tanggal sapuluh, bulan kasapuluh, nincak kana salapan taun hirup di nagri buangan, PANGERAN nimbalan ka kaula,

²timbalana-Na, "Eh anak manusa, tanggal teh catet, sabab dina tanggal eta bareto raja Babul mimiti ngepung Yerusalem.

³Kami, PANGERAN Nu Maha Agung, boga misil, caritakeun ku maneh ka jelema-jelema nu barasangkal. Kieu: Tagogkeun kawali kana seuneu, eusian cai.

⁴Cemplungkeun daging nu aralus ka dinya, daging walikat jeung daging pingping, tambah ku tulang-tulang nu aralusna.

⁵Dagingna daging domba anu mulus, gedurkeun seuneuna, suluhan sing loba,

kulub tulang jeung daging teh sina
ngagolotrok."

⁶Kieu timbalan PANGERAN Nu Maha Agung,
"Cilaka, cilaka eta kota tukang-tukang
maehan teh. Eta kota saupama kawali anu
geus karatan, kawantu tara pisan dikumbah.
Jaitan kukulubanana sakeureut-sakeureut,
ulah disesakeun.

⁷Di eta kota loba anu diparaehan, getihna
teu karimbunan lantaran ngucurna lain kana
taneuh, ngucurna kana cadas buligir.

⁸Ku Kami diantep bae di dinya sina ngondang
amarah jeung menta dipangbaleskeun."

⁹Kieu timbalan PANGERAN Nu Maha Agung,
"Cilaka, cilaka eta kota tukang-tukang
maehan teh. Rek digelegdegkeun seuneuna ku
Kami sorangan.

¹⁰Tambahan suluhna! Geberan seuneuna!
Saanan kalduna! Tulang-tulangna sina tutung!

¹¹Kosongkeun eta kawali tambaga teh,
tagenkeun luhureun ruhak nepi ka burahay,
sina beak karatna sangkan beresih,

¹²sanajan saenyana mah karatna teh moal
beak ku diduruk.

¹³Eh Yerusalem, maneh teh kotor, kotor
ku ahlak anu geus ruksak. Sanajan ku Kami
dicoba diberesihan ge maneh angger bae
kotor. Maneh moal beresih-beresih deui, kudu
ngarasa heula hebatna amarah Kami.

¹⁴Kitu timbalan Kami, PANGERAN Nu Maha
Agung. Geus waktuna Kami kudu kitu. Dosa

maneh ku Kami moal diantep. Kami hamo watir, hamo rek karunya. Maneh tangtu dihukum ku tina kalakuan-kalakuan maneh." Kitu timbalan PANGERAN Nu Maha Agung.

¹⁵ PANGERAN nimbalan ka kaula,

¹⁶ timbalana-Na, "Eh anak manusa, sakeudeung deui jelema anu ku maneh pangdipikaasihna ku Kami rek dicokot. Maneh teu meunang midangdam, teu meunang ceurik atawa ngabijilkeun cipanon.

¹⁷ Sora sesegruk maneh ulah aya nu ngadengeeun. Indit-inditan teu meunang teu make tutup sirah, suku ulah lesot ti tarumpah, ulah aya ciri-ciri prihatin. Ulah mindingan beungeut jeung ulah ngadahar kadaharan paragi keur sungkawa."

¹⁸ Poe eta isuk-isuk kaula cacarita jeung jalma rea, ari geus burit bojo kaula maot. Poe isukna kaula nembongkeun semu sakumaha anu dipundut tea bae.

¹⁹ Jalma-jalma naranya, "Geuning Bapa mah kitu?"

²⁰ Jawab kaula, "Bapa teh mawa pesen PANGERAN,

²¹ anu kudu ditepikeun ka maraneh urang Israil. Dawuhana-Na, maraneh agul ku Bait Allah anu sakitu tohagana. Maraneh resep nenjona, resep ngalongokna. Tapi eta Bait Allah teh ku PANGERAN baris dinistakeun. Ari anggota-anggota kulawarga maraneh nu

ngarora, anu ngarancik keneh di Yerusalem,
bakal paraeh ku perang.

²² Maraneh oge engke bakal cara lampah
bapa kieu, najan nalangsa moal mindingan
beungeut, moal ngadahar kadaharan paragi
nu keur sungkawa,

²³ moal indit-inditan teu make tutup sirah,
suku moal lesot ti tarumpah, moal bisa
ngararasakeun kanalangsaan, moal bisa
ceurik-ceurik acan. Maraneh bakal lajur ku
kadorakaan sorangan, bakal tinghareung
patembalan.

²⁴ Peta Bapa kieu teh hiji totonde, yen
maraneh engke bakal kieu. Saur PANGERAN,
lamun eta geus kajadian, kakara maraneh
bakal nyaraho yen Mantenna teh PANGERAN
Nu Maha Agung."

²⁵ PANGERAN ngadawuh, "Eh anak manusa,
Bait Kami anu tohaga anu ku maranehna
dipake agul dipake bungah, dipikaresep jeung
dilongokan, ku Kami rek dieuweuhkeun.
Anak-anak maranehna nu lalaki, nu awewe,
ku Kami bakal dicokot.

²⁶ Dina poean Kami ngalampahkeun kitu,
bakal aya anu bisa lolos tina eta kacilakaan,
bakal datang ka maneh mawa beja.

²⁷ Sarta nya dina poe eta kapinteran maneh
nyarita anu geus sirna bakal pulih deui,
maneh bakal cacarita jeung eta jelema.
Maneh ku Kami dititah kitu teh geusan hiji

totonde ka jalma rea, sangkan nyarahoeun
yen Kami teh PANGERAN."

25 ¹PANGERAN nimbalan ka kaula,
²timbalana-Na, "Eh anak manusa,
weweleh nagri Amon ku maneh.

³Bejakeun, darengekeun ieu timbalan
Kami, PANGERAN Nu Maha Agung: Maraneh
ngarasa puas nenjo Bait Kami dinistakeun,
ngarasa puas nenjo nagri Israil diburak-barik,
ngarasa puas nenjo urang Yuda digiring ka
pangbuangan.

⁴Ku sabab maraneh geus mpuas kitu,
maraneh ku Kami rek diselehkeun ka
kaom-kaom ti gurun keusik beulah wetan.
Maranehna bakal masang kemah-kemahna di
nagri maraneh, tuluy maratuh. Maranehna nu
bakal ngadahar bubuhan jeung nginum susu
anu kuduna jang maraneh.

⁵Ibukota Raba ku Kami rek dijieun
pakandangan onta, kota-kota urang
Amon rek dijieun pakandangan domba,
sangkan maraneh nyararaho yen Kami teh
PANGERAN."

⁶Kieu timbalan PANGERAN Nu Maha
Agung, "Maneh mani keprok jeung jijingkrak
bawaning ku atoh. Maneh mpuas ka nagri
Israil.

⁷Ku sabab eta, maneh ku Kami rek
diselehkeun ka bangsa-bangsa, sina dijarah.
Maneh ku Kami bakal ditumpes sama sakali,
nepi ka moal deui jadi bangsa, moal deui

boga nagri akuan. Kakara engke maneh nyaho yen Kami teh PANGERAN."

⁸PANGERAN nimbalan, "Ku sabab Moab geus nyebutkeun urang Yuda ge sarua jeung bangsa-bangsa sejen,

⁹kota anu jadi benteng wates nagri Moab ku Kami rek disina aya nu ngagempur, malah katut kota-kota anu pangendahna, Bet Yesimot, Baal Meon jeung Kiryataim.

¹⁰Moab ku Kami rek disina eleh bareng jeung Amon ku kaom-kaom ti gurun keusik beulah wetan, nepi ka Moab moal deui jadi bangsa.

¹¹Moab tangtu ku Kami dihukum, sangkan nyaraho yen Kami teh PANGERAN."

¹²PANGERAN Nu Maha Agung nimbalan, "Urang Edom geus ngabales ka urang Yuda kacida telengesna. Eta pangbales ngajadi hiji kasalahan anu manjang.

¹³Kami mere nyaho, Edom geus tangtu bakal dihukum, jelema-jelemana jeung sato-satona tangtu ku Kami bakal ditumpes. Ku Kami rek disina suwung ti semet kota Tman nepi ka kota Dedan, jelema-jelemana sina paraeh ku perang.

¹⁴Umat Kami Israil sina mangmaleskeun Kami ka Edom. Urang Edom ku maranehna bakal disina ngarasa hebatna amarah Kami. Edom sina nyahoeun kumaha rasana nampa wawales ti Kami." Kitu timbalan PANGERAN Nu Maha Agung.

¹⁵PANGERAN Nu Maha Agung nimbalan,
"Urang Pelisti geus ngabales kacida
telengesna ka musuh kabuyutanana, numpes
ku ceuceub-ceuceubna.

¹⁶Ku sabab eta Kami mere nyaho, urang
Pelisti ku Kami tangtu bakal digempur, disapu
dibuburak. Jelema-jelemana anu caricing di
Dataran Pelisti tangtu ku Kami dibasmi.

¹⁷Tangtu dihukum dibales bebeakan. Sina
ngarasa amarah Kami, sina nyarahoeun yen
Kami teh PANGERAN."

26 ¹Dina tanggal hiji bulan saanu, nincak
kana sabelas taun hirup di nagri
buangan, aya timbalan PANGERAN ka kaula.

²"Eh anak manusa," timbalana-Na,
"urang Tirus mpuas jeung nyurakan
Yerusalem, pokna: Sukur Yerusalem tumpur!
Perdaganganana anu sakitu kuatna geus
musna. Saingan urang geus euweuh!"

³Ku sabab kitu, kieu timbalan Kami,
PANGERAN Nu Maha Agung: Kami ngamusuh
ka maneh, eh Tirus. Kami rek ngadatangkeun
bangsa-bangsa, sina ngagempur ka maneh,
daratangna lir ombak laut.

⁴Tembok kuta nagri maneh tangtu rebah
dibedah, munara-munarana dirugrug-
rugrugkeun. Bubukna ku Kami rek
disapukeun, sina kari cadasna nonggerak,

⁵sina diparake moekeun jaring ku tukang
ngarala lauk ti laut. Kitu timbalan Kami,

PANGERAN Nu Maha Agung. Tirus bakal diranjah ku bangsa-bangsa,

⁶ari anu maratuh di kota-kota bagian daratanana bakal paraeh ku pedang. Lamun geus kitu kakara Tirus bakal nyaho yen Kami teh PANGERAN."

⁷PANGERAN Nu Maha Agung nimbalan, "Kami rek ngadatangkeun hiji raja anu agung liwat saking, Raja Nebukadnesar ti Babul, sina ngarurug ka Tirus. Datangna ti tebeh kaler, mawa balad gede, mawa kareta-kareta perang jeung pasukan kuda.

⁸Anu nyaricingan kota-kota bagian daratan bakal tariwas tengahing jurit. Musuhna ngali lombang nyieun parit, nyieun gugunungan pangepungan, masang tameng-tameng galede dijieun benteng anu rekep, pikeun ngayonan maneh.

⁹Tembok kuta maneh bakal didagoran ku panggedor, munara-munarana anu disarigsig beusi bakal tingburubut maruragan.

¹⁰Maneh bakal kaurugan ku kekebul anu dilantarankeun ku pasukan kuda musuh. Kareta-kareta perang anu ditarik ku kuda tinggurudug arasup ka jero kota anu geus rubuh, sarta waktu ngaliwatan lawang-lawang kota, tembok kuta mani eundeur.

¹¹Tentara pasukan kudana ambreg ka jero kota, minuhan jalan-jalan bari nyabetan rahayat maneh ku pedang. Pilar-pilar maneh anu tohaga bakal diguling-gulingkeun.

¹²Kakayaan maneh jeung barang-barang dagangan bakal dirayah. Kuta maneh bakal rugrug, imah-imah anu alagreng bakal diburak-barik. Batu-batuna, kai-kaina jeung unak-anik ruruntuhanana bakal dicebur-ceburkeun ka laut.

¹³Kawih-kawih maneh ku Kami rek dieureunkeun, bakal moal kadenge-denge deui sora kacapi.

¹⁴Ku Kami ngan rek dikarikeun cadasna anu nonggerak, sina diparake moe-moekeun jaring ku tukang ngarala lauk. Pamohalan nagri maneh bisa ngadeg deui, karana nya kitu timbalan Kami, PANGERAN Nu Maha Agung."

¹⁵Kieu timbalan PANGERAN Nu Maha Agung ka nagara Tirus, "Keur waktu maneh kadeseh, jalma-jalma anu di sapanjang basisir bakal tinglalenyap hatena ngadenge koceakna jelema-jelema anu keur dijaragal.

¹⁶Raja-raja anu ngarajaan bangsa-bangsa anu saba laut, bakal naringgalkeun kalungguhanana, ngaludar jubah jeung pakeanana anu disulam, ngaradon andeprok dina taneuh bari ngadegdeg. Pohara galimireunana nenjo nasib maneh, nepi ka awakna ngagibrig teu eureun-eureun.

¹⁷Maranehna bakal ngawihkeun ieu lagu waktu maneh dikubur: Nagara anu kamashur geus tumpur! Kapal-kapalna disapu ti lautan.

Urang nagri eta baheula mah kawasa di lautan, ngageumpeurkeun urang basisir.

¹⁸Ayeuna, dina poean maneh rubuh, pulo-pulo ngadegdeg. Pangeusina tingraranjug ngadenge maneh binasa."

¹⁹PANGERAN Nu Maha Agung nimbalan, "Maneh ku Kami rek disuwungkeun, kota-kota maneh sina kari urutna, hamo aya deui anu nyicingan. Bakal dikeueum ku cai ti dasar lautan.

²⁰Maneh rek dijongklokkeun ka dunyana anu paraeh, ngareujeungan anu geus areuweuh di kieuna, anu harirupna baheula. Maneh bakal tumetep jadi eusi bumi nu panghandapna, tempat ruruntuhan anu langgeng, ngabaturan nu geus paraeh. Maneh hamo dicicingan deui, hamo balik deui ka dunyana anu harirup.

²¹Kami arek nyieun hiji misil anu pikagimireun, misil piahireun maneh. Sanajan upama maneh ditareangan ge pamohalan pikapanggiheun." Kitu timbalan PANGERAN Nu Maha Agung.

27 ¹(27:1-3) PANGERAN Nu Maha Agung nimbalan ka kaula, "Eh anak manusia, kawihkeun ieu lagu pikeun nguburkeun Tirus, nagara anu ngadegna di sisi laut, anu ngayakeun niaga jeung pribumi anu nyaricingan saban basisir. Kieu timbalan PANGERAN Nu Maha Agung: Eh Tirus, maneh agul pedah geulis kawanti-wanti.

²(27:1)

³(27:1)

⁴Imah maneh laut. Maneh ku nu ngawangun dijieun lir hiji kapal anu endah;

⁵kai-kaina camara ti Gunung Hermon.

Tihang layarna kiputri ti Libanon.

⁶Dayung-dayungna kai kipasang ti Basan. Galadagna kai camara ti pulo Siprus dihias ku gading gajah.

⁷Layarna tina kaen linen. Disulam ku lawon linen ti Mesir. Ti kajauhan ge gampang nyiriikeunana. Tenda-tendana lawon lemes warna wungu ti pulo Siprus.

⁸Tukang-tukang dayungna asal ti kota-kota Sidon jeung Arwad. Jelema-jelema anu geus arahli, jaradi kalasi di maneh.

⁹Tukang-tukang kayu di kapal, jalma-jalma urang Gebal. Tarabah kana gawena. Kalasi-kalasi ti unggal kapal nu balawiri di laut, marilu usaha kana usaha dagang maneh.

¹⁰Angkatan perang maneh diwangun ku prajurit-prajurit ti Persia, Lidia jeung Libia, tameng jeung topi wajana tinggarantung di barak maneh. Nya maranehna anu ngahontal kaunggulan gumilang pikeun maneh.

¹¹Kuta nagri maneh dikawalna ku prajurit-prajurit ti Arwad, munara-munarana dikawal ku urang Gamad. Tamengna tinggarantung dina kuta maneh. Maranehna nyampurnakeun kaalusian maneh.

¹²Maneh muka usaha dagang di Sepanyol. Barang dagangan maneh anu sakitu lobana

dibareulian, dibayarna ku perak, beusi, timah jeung timah hideung.

¹³ Maneh muka usaha dagang di Yunani, di Tubal jeung di Mesek, barang dagangan maneh dibayarna ku barang-barang tambaga jeung ku jalma-jalma beulian.

¹⁴ Barang-barang maneh ditukeurtukeurkeun kana kuda-gawe, kuda-perang jeung bigal ti Bet Togarma.

¹⁵ Maneh dagang jeung urang Rodes. Loba tempat-tempat anu perenahna di basisir nalukeuran barang-barang maneh ku gading gajah jeung kai kibeusi.

¹⁶ Urang Siria loba mareulian barang dagangan jeung hasil-hasil maneh lianna, nalukeuran barang-barang maneh ku batu jamrut, lawon-lawon wungu, lawon-lawon anu lalemes, barang-barang sulaman, batu marjan jeung batu mirah dalima.

¹⁷ Yuda jeung Israil nukeuran barang-barang maneh ku gandum, madu, minyak jetun jeung bungbu-bungbu.

¹⁸ (27:18-19) Urang Damsik mareulian barang-barang dagangan jeung hasil-hasil maneh, mayarna ku anggur Helbon jeung ku lawon-lawon bulu ti Sahar, sarta nukeuran barang-barang maneh ku beusi gemblengan jeung bungbu-bungbu.

¹⁹ (27:18)

²⁰ Urang Dedan nalukeuran barang-barang maneh ku sela kuda.

²¹ Urang Arab jeung para kawasa nagri Kedar malayar barang-barang dagangan maneh ku anak domba, domba jeung embe.

²² Ku sudagar-sudagar urang Syeba jeung Raama, barang-barang maneh ditukeuranana ku batu-batu permata, emas, jeung bungbu-bungbu anu marahal.

²³ Nagri-nagri Haran, Kaneh jeung Eden, sudagar-sudagar urang Syeba, nagri Asur jeung Kilmad, kabeh daragang jeung maneh.

²⁴ Maranehna ka maneh ngajualan papakean nu aralus, baju-baju warna wungu, barang-barang sulaman, permadani warna-warni, rupa-rupa tali jeung tambang anu karuat.

²⁵ Barang-barang dagangan maneh diakutanana ku kapal-kapal anu galede. Maneh teh lir kapal di laut. Pinuh ku barang-barang muatan.

²⁶ Barang maneh didayung ka tengah laut, maneh diamuk ku angin ti wetan nepi ka bejad, tur jauh ti darat.

²⁷ Barang-barang dagangan maneh anu sakitu lobana, kalasi-kalasi, tukang-tukang kayu purah ngomean, sudagar-sudagar, kitu deui prajurit-prajurit, sakur nu aya di maneh waktu kapal bejad, kabeh musna ka jero laut,

²⁸ Kalasi-kalasi anu titeuleum tingjarerit, sorana kadenge ka basisir.

²⁹ Ayeuna eta kapal geus pada ninggalkeun, kalasi-kalasi kabeh geus naraek ka darat.

³⁰ Maneh pada nyeungceurikan. Jalma-jalma ngawuran sirahna ku lebu, jeung gugulingan di nu ngebul.

³¹ Sirahna digarundulan, mangsungkawakeun maneh. Kabeh marake karung. Reang nyaleungceurikan maneh, hatena kanyenyerian.

³² Maranehna ngawihkeun hiji lagu keur maneh, lagu paranti nguburkeun: Saha anu sabanding jeung Tirus, Tirus anu ayeuna geus jempling di dasar laut?

³³ Lamun para sudagar anjeun ngambah lautan, sagala pangabutuh bangsa-bangsa ku anjeun katedunan. Raja-raja jadi baleunghar, ku barang-barang anjeun anu sakitu lobana.

³⁴ Ayeuna anjeun tiwas di laut, tikerelep ka dasar lautan. Barang-barang katut anu digarawe di anjeun, kabeh musna jeung anjeun di laut.

³⁵ Sakur anu maratuh di sisi laut, kabeh ngajenghok ku nasib maneh. Malah raja-rajana tingsareblak, kasieunna kagambar dina beungeutna.

³⁶ Maneh geus musna, musna salalawasna. Sudagar-sudagar sakuliah dunya tingsareblak, sarieuneun meunang nasib saperti nasib maneh."

28¹ PANGERAN nimbalan ka kaula.

²"Eh anak manusia," timbalana-Na, "bejakeun ka raja Tirus, kieu timbalan Kami, PANGERAN Nu Maha Agung: Maneh sompong,

boga rasa jadi dewa. Ceuk maneh, maneh teh lir dewa anu dina tahta anu dikuriling ku lautan. Bisa bae nyebut maneh dewa, tapi lain, maneh teh manusa, lain dewa.

³ Maneh boga rasa leuwih pinter ti batan Danel, ngarasa taya rusiah anu henteu kabuka ku maneh.

⁴ Maneh beunghar ku barang-barang emas jeung perak, lantaran pinter jeung bijaksana.

⁵ Memang maneh pinter dagang, teu eureun-eureun nyiar jalan piuntungeun. Maneh umangkeuh ku kabeungharan!

⁶ Dengekeun ieu timbalan Kami, PANGERAN Nu Maha Agung: Ku sabab maneh umangkeuh sarua jeung dewa.

⁷ Kami rek ngadatangkeun musuh anu bengis sina ngarurug maneh. Barang-barang maneh anu aralus, beubeunangan kapinteran jeung kabijaksanaan maneh, tangtu dibasmi ku musuh.

⁸ Maneh bakal dipaehan tuluy dibalangkeun ka jero kubur nu karendem cai.

⁹ Lamun eta musuh datang rek maehan, rek bisa keneh maneh ngaku-ngaku dewa? Lamun maneh geus pahareup-hareup jeung nu rek maehan, bakal tetela yen maneh teh manusa, lain dewa.

¹⁰ Maneh bakal paeh kawas anjing, paeh ku leungeun bangsa asing. Kitu timbalan Kami, PANGERAN Nu Maha Agung."

¹¹ PANGERAN nimbalan deui ka kaula.

¹²"Eh anak manusा," timbalana-Na, "pek geura nalangsa ku nasib anu ngancam raja Tirus. Bejakeun, kieu timbalan Kami, PANGERAN Nu Maha Agung: Maneh teh kungsi jadi lambang kasampurnaan, mutuh bijaksana tur kasep!

¹³Cicing di Eden, di taman Allah, make rupa-rupa permata: batu dalima jeung inten; ratna cempaka, pirus, biduri jeung yaspis; batu nilem, jambrut jeung angkik. Perhiasan-perhiasan maneh tina emas. Kabeh ngahaja dijieun keur maneh keur basa maneh diciptakeun.

¹⁴Di dinya Kami nempatkeun hiji malaikat anu pikagimireun geusan ngaraksa maneh. Maneh nyicingan gunung Kami anu suci, leuleumpangan di antara batu-batu permata anu tingponcorong.

¹⁵Ti barang maneh dijadikeun, kalakuan maneh istuning sampurna, nepi ka tungtungna maneh mimiti nyieun kagorengan.

¹⁶Maneh katungkulkeun kana jual-beuli, nepi ka jadi taya rasrasan jeung dosa. Ku sabab kitu maneh ku Kami dipaksa kudu ninggalkeun gunung Kami anu suci, disingkahkeun ku malaikat anu tadina ngaraksa ka maneh, ditundung ti tempat permata-permata nu tingponcorong.

¹⁷Kena-kena kasep maneh jadi umangkeuh, kena-kena kamashur talajak maneh jadi

kawas nu gejul. Ku sabab kitu maneh ku Kami dibeubeutkeun kana taneuh. Cul ditinggalkeun, geusan jadi panggeuing ka raja-raja sejen.

¹⁸ Maneh usaha jual beuli teh ku jalan anu kacida curangna, nepi ka matak nista kana tempat-tempat maneh ngajalankeun ibadah. Nya tuluy nagri maneh ku Kami dilebur ku seuneu, diratakeun jeung taneuh. Maneh musna jadi lebu, katembong ku sarerea.

¹⁹ Maneh musna, musna salalawasna, ari bangsa-bangsa anu bareto kungsi ngadongdon maneh, kabeh tingsareblak, sieun ngalaman balahi anu saperti kitu."

²⁰ PANGERAN nimbalan ka kaula.

²¹ "Eh anak manusia," timbalana-Na, "weweleh nagri Sidon.

²² Bejakeun ka urang dinya, kieu timbalan Kami, PANGERAN Nu Maha Agung: Eh Sidon, Kami ngamusuh ka maneh. Peta Kami ka maneh bakal pada muji. Lamun Kami geus nembongkeun yen Kami teh mutuh nya suci ku jalan ngahukum ka sakur anu maratuh di maneh, jalma-jalma bakal nyaraho yen Kami teh PANGERAN.

²³ Maneh ku Kami rek didatangan ku panyakit-panyakit, jalan-jalan maneh arek dicaahan ku getih. Maneh bakal digempur ti unggal juru, rahayat maneh kabeh bakal dipaehan. Mun geus kitu kakara maneh nyaho yen Kami teh PANGERAN."

²⁴"Bangsa-bangsa di sakuriling Israil, anu ngarewaeun ka Israil, sahiji ge moal aya deui anu kawas cucuk jeung cugak anu matak raheut ka Israil. Sarta maranehanana bakal nyaraho yen Kami teh PANGERAN Nu Maha Agung."

²⁵PANGERAN Nu Maha Agung nimbalan, "Umat Kami Israil, ku Kami rek dibawa mulang deui ti antara bangsa-bangsa, ti tempat-tempat papencarna, sarta sakabeh bangsa bakal nyaraho yen Kami teh suci. Urang Israil bakal maratuh deui di nagrina, tanah anu ku Kami geus dibikeun ka abdi Kami, Yakub.

²⁶Harirupna bakal santosa, baroga imah jeung ngarebon anggur. Tatangga-tatanggana anu sok ngagogoreng ku Kami tangtu dihukum kabeh. Israil bakal hirup jongjon. Mun geus kitu maranehna bakal nyaraho yen Kami teh PANGERAN, Allahna."

29¹Dina tanggal dua belas, bulan kasapuluh, nincak kana sapuluh taun hirup di nagri buangan, PANGERAN ngandika ka kaula.

²"Eh anak manusा," pangandika-Na, "weweleh raja Mesir. Bejakeun, kumaha engke manehanana katut satanah Mesir baris dihukum.

³Bejakeun ieu anu ku Kami bakal ditimbalkeun ka eta raja Mesir. Kieu: Eh buhaya raksaksa anu ngadakom di walungan,

ieu Kami musuh maneh. Carek maneh Walungan Nil boga maneh, beunang nyieun maneh.

⁴Cacapek maneh ku Kami rek ditiruk ku kakait, ari lauk-lauk di walungan maneh rek disina rimbil lalengket kana awak maneh. Maneh rek digusur ku Kami, dihanjatkeun ti Walungan Nil katut lauk-lauk anu lalengket kana awak maneh.

⁵Maneh katut eta lauk-lauk rek dibalangkeun ka gurun keusik. Awak maneh tangtu ngageblug kana taneuh; bangke maneh bakal diantep moal diruang. Rek diparabkeun ka manuk-manuk jeung sasatoan.

⁶Sanggeus kitu sakabeh urang Mesir bakal nyaraho yen Kami teh PANGERAN." PANGERAN nimbalan, "Urang Israil nyindekel ka maneh menta dibantu, tapi maneh teu beda ti iteuk anu leuleus.

⁷Waktu urang Israil nyindekel ka maneh, maneh kalah ka miley, nepi ka maranehanana tijarengkang, tak takna marisalah.

⁸Kami, PANGERAN Nu Maha Agung mere nyaho, Kami rek nitahan jelema-jelema sina nyarabet ka maneh ku pedang, sarta maehan rahayat maneh katut jeung sasatoanana.

⁹Mesir rek dijieun tempat suwung. Engke kakara maneh nyaho yen Kami teh PANGERAN. Ku sabab carek maneh Walungan Nil boga maneh jeung beunang maneh nyieun,

¹⁰maneh jeung eta walungan jadi musuh Kami. Sakuliah Mesir, ti semet kota Migdol di kaler nepi ka kota Aswan di kidul, sapanjang jalan anu maju ka wates nagri Sudan, ku Kami rek dijadikeun tempat suwung.

¹¹Hamo aya nu ngaliwat-liwat acan ka dinya, boh jelema boh sato. Opat puluh taun lilana moal aya nu nyicingan.

¹²Mesir ku Kami rek dijieun tempat anu pangsepi-sepina di saalam dunya. Opat puluh taun lilana kota-kota di Mesir bakal ngajadi ruruntuk, leuwih ti batan kota-kota sejenna anu geus raruntuh. Urang Mesir ku Kami rek dijadikeun kaum pangungsi, sina kalabur ka unggal nagri, sina campur jeung jalma-jalma lian."

¹³PANGERAN Nu Maha Agung nimbalan, "Sanggeus opat puluh taun, urang Mesir rek dipulangkeun deui ti antara bangsa-bangsa, ti tempat-tempat papencarna,

¹⁴sina maratuh di Mesir, di bali geusanna, di wewengkon pakidulanana. Engkena bakal jadi hiji karajaan tapi lemah,

¹⁵panglemah-lemahna ti sakabeh karajaan, hamo bisaeun deui ngajajah ka bangsa-bangsa sejen. Rek disina pohara basajanna, sina ulah bisaeun migawe sakarep-karep ka bangsa sejen.

¹⁶Israil moal mikabutuh deui pitulungna. Nasib Mesir kitu bakal ngageuing ka Israil, yen maranehna pohara kaliruna bareto

nyindekel ka Mesir teh. Sanggeus kitu Israil bakal nyaho yen Kami teh PANGERAN Nu Maha Agung."

¹⁷ Dina tanggal hiji bulan kahiji, nincak kana dua puluh taun hirup di nagri buangan, kaula ditimbalan ku PANGERAN.

¹⁸ "Eh anak manusa," timbalana-Na, "Raja Nebukadnesar ti Babul bakal ngagempur Tirus. Serdadu-serdaduna dimomotan kacida beuratna, nepi ka sirahna balolenang kagesrek-gesrek ku babawaan, taktakna baroleksek. Tapi meunang sakitu tihothatna teh raja jeung baladna teu beubeunangan naon-naon.

¹⁹ Ku sabab eta kieu ayeuna timbalan Kami, PANGERAN Nu Maha Agung: Tanah Mesir ku Kami rek dibikeun ka Raja Nebukadnesar. Ku manehna bakal dirayah, sagala kakayaan Mesir ku manehna bakal dirampas, dipake mayar upah baladna.

²⁰ Mesir ku Kami dibikeun ka manehna, minangka pamayar dumeh manehna geus digawe pikeun Kami. Kitu timbalan Kami, PANGERAN Nu Maha Agung.

²¹ Lamun hal eta geus bukti, umat Kami Israil rek disina jadi kuat, sarta pek hal eta ku maneh carita-caritakeun, eh Yeheskel, ka sing saha bae anu baris ngadenge, sangkan maranehanana nyarahoeun yen Kami teh PANGERAN."

30¹ PANGERAN nimbalan deui.

²"Eh anak manusa," timbalana-Na,
"geura ngaramal sarta umumkeun ieu
timbalan Kami. Ucapkeun ieu ucapan-ucapan
sing tarik: Tereh datang poe nu matak gimir!

³Poena tereh tumiba, pikeun tindakan
PANGERAN: langit mendung, bangsa-bangsa
bakal susah.

⁴Mesir bakal ngarandapan perang. Sudan
nandangan kasukeran. Di Mesir bakal loba nu
diparaehan. Eta nagri bakal diranjah. Runtuh
jadi ruruntuk.

⁵Serdadu-serdadu sewaan ti Sudan, Lidia,
Libia, Arab, Kub, malah nu asal ti umat Kami,
eta oge tangtu tariwas dina eta perang."

⁶PANGERAN Nu Maha Agung nimbalan, "Ti
semet Migdol di beulah kaler nepi ka Aswan
di beulah kidul, sakabeh anu ngabela Mesir
tangtu tariwas tengahing jurit. Angkatan
perang Mesir anu dipiagul tangtu tumpur. Kitu
timbalan Kami, PANGERAN Nu Maha Agung.

⁷Eta nagri bakal jadi tempat anu pangsepi-
sepina di dunya, kota-kotana bakal tumpur
sama sakali.

⁸Saupama Mesir ku Kami geus der
dihuru sarta anu ngabelana geus paraeh,
maranehanana bakal nyaraho yen Kami teh
PANGERAN.

⁹Lamun geus ninggang mangsana sarta
Mesir geus tumpur, Kami baris ngiangkeun
utusan-utusan tarumpak kapal, geusan

ngageretak urang Sudan anu teu boga panyangka. Tangtu maranehanana galimir. Waktuna geus tereh!"

¹⁰PANGERAN Nu Maha Agung nimbalan, "Raja Nebukadnesar, raja nagri Babul, ku Kami rek dipake geusan meakkeun kakayaan Mesir.

¹¹Eta nagri tangtu didatangan ku manehna jeung baladna anu taya rasrasan, tuluy ditumpurkeun. Mesir ku maranehna bakal digempur ku pedang, tanahna bakal pinuh ku bangke.

¹²Walungan Nil ku Kami rek disaatan, Mesir rek diselehkeun kana kakawasaan jalma-jalma anu doraka. Sakuliah nagrina bakal diancurkeun ku bangsa sejen. Kitu timbalan Kami, PANGERAN."

¹³PANGERAN Nu Maha Kawasa nimbalan, "Brahala-brahala sesembahan jeung dewadewa di Mempis rek dibasmi. Mesir moal boga deui pamingpin, jelema-jelemana sina pinuh ku kasieun.

¹⁴Pakidulan tanah Mesir rek dijadikeun tempat sepi, kota Soan di kaler arek dihuru. Tebe, ibukotana, arek dihukum.

¹⁵Kota Sin, benteng Mesir anu gede, sina ngarasa amarah Kami. Kakayaan Tebe bakal ditumpurkeun.

¹⁶Mesir bakal dihuru ku Kami, Sin bakal nandangan kanyeri anu pohara. Tembok Tebe rek direbahkeun, kotana dibedah.

¹⁷ Jajaka-jajaka kota On jeung kota Pi-Beset bakal tariwas ku perang, nu sejen-sejenna ditawan.

¹⁸ Saupama kakawasaan Mesir ku Kami geus dirubuhkeun sarta kakuatanana anu dipiagul geus tumpur, di Tahpanhes bakal poek mongkleng. Mesir bakal katutup ku mega, rahayatna di saban kota bakal jaradi tawanan.

¹⁹ Saupama Mesir geus dihukum saperti kitu ku Kami, kakara bakal nyaraho yen Kami teh PANGERAN."

²⁰ Dina tanggal tujuh bulan kahiji, nincak sabelas taun hirup di nagri buangan, sim kuring ditimbalan ku PANGERAN.

²¹ "Eh anak manusa," timbalana-Na, "leungeun raja Mesir geus dipotongkeun, taya pisan anu mangbeberankeun atawa mere pangais keur ngais leungeunna sangkan bisa cageur, sangkan bisaeun deui ngangkat pedang.

²² Ayeuna kieu timbalan Kami, PANGERAN Nu Maha Agung: Raja Mesir musuh Kami. Leungeunna, boh anu walagri keneh, boh anu geus potong, rek dipotongkeun duanana, pedangna sina ragrag tina genggemanana.

²³ Urang Mesir rek disina paburencay ka sakuliah dunya.

²⁴ Sabalikna Kami rek neguhkeun leungeun raja Babul, sina ngagenggem pedang Kami. Leungeun raja Mesir rek dipotongkeun,

sina gegerungan nepi ka paeh hareupeun
musuhna.

²⁵ Geus tangtu pisan eta raja teh ku Kami ditumpeskeun tanagana, sabalikna raja Babul mah ku Kami rek dikuatkeun. Saupama pedang Kami geus diserenkeun ka raja Babul, sarta ku manehna geus diacung-acung ka Mesir, unggal jalma bakal nyaho yen Kami teh PANGERAN.

²⁶ Urang Mesir rek disina paburencay ka sakuliah dunya. Sanggeus kitu maranehna bakal nyaho yen Kami teh PANGERAN."

31 ¹Dina tanggal hiji bulan katilu,
sanggeus sabelas taun hirup di nagri buangan, kaula ditimbalan ku PANGERAN.

²Timbalana-Na, "Eh anak manusa, bejakeun kieu ka raja Mesir jeung rahayatna: Sakitu kawasana maneh teh! Jeung naon kudu dibandingkeunana ku Kami?

³Maneh teh lir tangkal kiputri di Libanon, daham-dahanna aralus, tur gomplot matak iuh. Tangkalna luhur ngahontal mega.

⁴Pikeun tutuwuhan, cai aya. Keur hakaneunana, cinyusu di jero taneuh aya. Cukup cai di tempat nu aya tutuwuhan. Tatangkalan di leuweung eta kabeh kakocoran.

⁵Ku sabab hade meunangna cai, jadina teh ngaluhuran nu lian, daham-dahanna galedé sarta paranjang.

⁶Rupa-rupa manuk nyarayang dina dahanna, sato-sato leuweung aranakan handapeunana, bangsa-bangsa barumetah dina iuh-iuhna.

⁷Alus temen eta tangkal teh, nya luhur, nya dahanna paranjang, akarna jero, nyareceb nepi kana cinyusu.

⁸Tangkal kiputri nu aya di taman Allah ge ka eta mah henteu nanding. Tangkal camarana daham-dahanna teu cara eta. Tangkal caringinna iuhna henteu cara eta. Di taman Allah mah taya tangkal anu sarupa kitu alusna.

⁹Kami anu ngajadikeun eta sakitu alusna, daham-dahanna ngarangkadak. Matak sirik saban tangkal di Eden, di taman Allah.

¹⁰Tapi Kami, PANGERAN Nu Maha Agung ngabejaan ka maneh, bakal kumaha engke eta tangkal anu luhurna nepi kana mega teh. Kena-kena luhur jadi adigung.

¹¹Anu matak ku Kami geus dipiceun, sina dicokot ku raja sejen. Engke ku eta diganjar satimpal jeung kajahatanana.

¹²Bakal dituar ku urang asing, jalma-jalma anu pohara barengisna, tuluy diarantep. Dahan-dahan anu saremplak jeung regang-regangna naringgang ka gunung-gunung jeung lebak-lebak di eta nagri. Bangsa-bangsa anu eukeur bebetah dina iuh-iuhna bakal arindit.

¹³Manuk-manuk daratang, tangkal anu geus rubuh teh diareunteupan, ari sato-sato

leuweung tinggulandang di handapeun
dahan-dahanna.

¹⁴Ku sabab eta ti wates ayeuna di dinya
moal aya deui tangkal anu bisa luhur cara
kitu, atawa anu pucukna nyundul mega,
sanajan cukup cai. Kabeh baris sirna tinemu
jeung ajalna, cara galibna manusa, baris
ngareujeungan anu geus ti hareula turun ka
dunyana nu maraot."

¹⁵PANGERAN Nu Maha Agung nimbalan,
"Dina poean eta tangkal paeh, ku Kami baris
dikeueum ku cai ti jero taneuh geusan tanda
sungkawa. Ari walungan-walungan ku Kami
rek disina malik ti dinya, susukan-susukan
ge moal dibikeun ngocor ka dinya. Ku sabab
eta tangkal geus paeh, Pagunungan Libanon
ku Kami rek disina poek, tatangkalan di
leuweung eta rek disina parerang.

¹⁶Waktu eta tangkal ku Kami digulusurkeun
ka dunya anu maraot, gulugurna bakal
ngeundeurkeun bangsa-bangsa. Sakabeh
tatangkalan di Eden, kitu deui tangkal-
tangkal petingan di Libanon anu sampurna
mareunangna cai, sarta geus tarurun ka
dunya nu panghandapna, bakal aratoheun ku
rubuhna eta tangkal.

¹⁷Maranehna bakal bareng jeung eta, arindit
ka dunya nu maraot, geusan ngareujeungan
anu ragragna geus ti hareula. Ari sakur
anu harirup dina iuh-iuhna engke bakal
paburencay di antara bangsa-bangsa.

¹⁸ Eta tangkal teh raja Mesir katut rahayatna. Cacakan tatangkalan di Eden ge, anu luhurna jeung mulyana kawas kitu mah euweuh. Sanajan kitu, eta oge bakal ngagulusur ka dunya anu arajal cara tatangkalan di Eden, bakal ngabaturan anu jarahat jeung anu pararaeh dina perang tea. Kitu timbalan Kami," lahiran PANGERAN Nu Maha Agung.

32 ¹Dina tanggal hiji bulan dua belas, sanggeus dua belas taun hirup di nagri buangan, kaula ditimbalan ku PANGERAN.

²Timbalana-Na, "Eh anak manusa, raja Mesir ingetan sing keras. Omongkeun ieu timbalan Kami: Talajak maneh lir singa di antara bangsa-bangsa, padahal maneh leuwih nyemu buhaya anu keur kecebar-kecebur di walungan. Cai walungan mani medok ku leutak, da diaduk-aduk ku suku maneh.

³Saupama bangsa-bangsa enggeus kumpul, maneh ku Kami arek ditewak make jaring, sina digusur ka darat ku maranehna.

⁴Ku Kami arek dibeubeutkeun kana taneuh, tuluy Kami arek ngondang manuk-manuk jeung sasatoan nu aya di dinya, sina ngakanan daging maneh.

⁵Daging maneh anu geus buruk rek disebar sina nutupan gunung-gunung jeung lebak-lebak.

⁶Getih maneh arek dikucurkeun sina ngabayabah ka gunung-gunung sarta minuhan susukan-susukan.

⁷ Sajeroning ngabinasa maneh, langit ku Kami arek dirungkupan, bentang-bentang sina ngariles. Panonpoe sina nyumput tukangeun mega, bulan sina ulah cahayaan.

⁸ Sakur anu nyaangan langit ku Kami arek dipareuman, dunya tempat maneh dicelubkeun kana poek mongkleng. Kitu timbalan Kami, PANGERAN Nu Maha Agung.

⁹ Loba bangsa-bangsa bakal sarusah hate, waktu Kami nyebarkeun beja karusakan maneh ka nagri-nagri anu ku maneh can kadenge ayana.

¹⁰ Loba bangsa-bangsa anu keketegan hate ku kajadian nu ku Kami dikeunakeun ka maneh. Waktu Kami ngayun-ngayun pedang, raja-raja tingdaregdeg palaureun. Dina poean maneh ngagubrag, maranehna kabeh bakal tinggeleper, sieun hirupna ge kitu."

¹¹ PANGERAN Nu Maha Agung nimbalan ka raja Mesir, "Maneh bakal nyanghareupan pedang raja Babul.

¹² Para prajurit bangsa-bangsa anu barengis bakal nyarabut pedang, maneh jeung rahayat kabeh bakal dipaahan. Kabeh rahayat kitu deui sagala rupa anu ku maneh dipiagul bakal dimusnakeun.

¹³ Ingon-ingon maneh di saban tempat cai ku Kami rek ditumpes. Moal aya deui jelema atawa sato anu bakal ngalelecek cai.

¹⁴ Cai ku Kami rek disina anteng jeung herang, walungan-walungan sina jongjon

ngalocorna. Kitu timbalan Kami, PANGERAN Nu Maha Agung.

¹⁵ Sanggeus Mesir ku Kami dijadikeun tanah gurun anu sepi, sarta anu caricing di dinya ku Kami geus ditumpes, maranehna bakal nyaraho yen Kami teh PANGERAN.

¹⁶ Ieu peringatan keras bakal jadi hiji lagu nalangsa. Kaom awewe unggal bangsa bakal ngarawihkeun ieu lagu, nyeungceurikan Mesir jeung rahayatna. Kitu timbalan Kami, PANGERAN Nu Maha Agung."

¹⁷ Dina tanggal lima belas bulan kahiji, taun kadua belas hirup di nagri buangan, kaula ditimbalan ku PANGERAN.

¹⁸ Timbalana-Na, "Eh anak manusa, ceungceurikan rahayat Mesir anu sakitu lobana. Maranehna katut bangsa-bangsa lian anu karawasa, turun-turunkeun ka dunyana anu paraeh.

¹⁹ Bejakeun kieu ka maranehna: Pangrasa maneh, maneh teh leuwih geulis ti batur? Maneh kudu turun ka dunyana anu paraeh, ngajoprak di dinya jeung nu balangkawarah.

²⁰ Urang Mesir bakal tumpur, marengan anu tariwas ku perang. Pedang nu baris numpes maranehanana geus sadia.

²¹ Para pahlawan nu panggagahna, kitu deui sakur anu geus marilu tarung mantuan Mesir, di dunya anu paraeh bakal marapagkeun urang Mesir daratang ka dinya. Marapagkeunana bari surak, Jelema-jelema

murka anu tariwas di medan perang
ayeuna geus daratang, geus araya di dieu
ngajalaloprak!

²² Asur di ditu, dikurilingan ku kuburan-
kuburan para prajuritna. Kabeh geus tariwas
waktu jurit.

²³ Kuburanana ayana di dunya anu paraeh
teh di bagian anu panghandapna. Para
prajuritna kabeh geus rarubuh satengahing
jurit. Kuburan-kuburanana ngariung kuburan
manehna. Padahal keur harirupna mah
maranehanana dipikagimir ku dunya anu
harirup.

²⁴ Elam di ditu, dikuriling ku kuburan-
kuburan para prajuritna. Maranehanana
kabeh tiwas di medan perang, seug tarurun ka
dunya anu paraeh, teu disarunat. Waktu keur
harirupna geus nyebankeun pikagimireun,
tapi ayeuna geus paraeh ngajaloprak taya
pamorna.

²⁵ Elam geus ngajepat di antara nu geus
tariwas ku perang, dirariung ku kuburan-
kuburan para prajuritna. Kabeh ge teu
disarunat, paeh kabeh dina perang. Keur
waktu harirupna nyebar rurusuh, tapi ayeuna
mah geus paraeh tingjarepat taya hargana,
cara anu sejen-sejen, anu tariwas ku perang.

²⁶ Mesek jeung Tubal di ditu, dikurilingan
kuburan-kuburan para prajuritna. Kabeh
henteu disarunat, kabeh paraeh ku perang.

Baretona maranehna teh matak gimir nu harirup.

²⁷ Dikaluburna henteu jeung tata utama kawas ngubur pahlawan-pahlawan jaman baheula, anu tarurunna ka dunya anu paraeh lengkep katut pakarang-pakarangna, pedang-pedangna diteundeun dina siraheunana masing-masing, tameng-tamengna di luhureun jasadna masing-masing. Pahlawan-pahlawan hebat baheulana mah, matak gimir anu harirup.

²⁸ Ku sabab eta urang Mesir bakal kadempet ku nu henteu disarunat, anu tariwas ku perang tea.

²⁹ Edom di ditu, katut rajana jeung kapala-kapalana. Keur harirupna maranehna teh prajurit-prajurit anu garagah, tapi ayeuna geus tingjarepat di dunya anu paraeh, maturan anu tariwas ku perang, anu henteu disarunat tea.

³⁰ Pangeran-pangeran urang kaler di ditu, kitu deui urang Sidon. Kakawasaan maranehanana kungsi ngageumpeurkeun batur, tapi ayeuna geus tarurun ka dinya, taya hargana deui, geus rareureuh ngajaloprak jeung anu tariwas ku perang, teu disarunat. Geus taya hargana cara nu sejen-sejenna anu geus tarurun ka dunya anu paraeh.

³¹ Nenjo pamandangan anu geus tariwas ku perang, raja Mesir jeung tentarana bakal

ngarasa kalipur," kitu timbalan PANGERAN Nu Maha Agung.

³²"Ku kersa Kami eta raja Mesir ngageumpeurkeun nu harirup. Tapi manehna ge jeung tentarana bakal tiwas sarta bakal reureuh ngajoprak jeung anu henteu disarunat, anu tariwas ku perang tea." Kitu timbalan PANGERAN Nu Maha Agung.

33¹ PANGERAN nimbalan ka kaula.

²Timbalana-Na, "Eh anak manusa, bejaan bangsa maneh kumaha jadina saupama Kami ngadatangkeun perang ka hiji nagri. Rahayat eta nagara milih hiji jalma dijieun juru kemit.

³Samangsa-mangsa eta juru kemit nenjo aya musuh ngadeukeutan, seug nyadakeun tangara ngabejaan babaturanana.

⁴Saupama anu ngadenge eta tangara henteu malire nepi ka musuh tea datang jeung maehan dirina, paehna teh bonganna.

⁵Salahna sorangan teu malire kana tangara, da lamun malire mah bisa jadi bakal salamet.

⁶Tapi sabalikna lamun juru kemit tea nenjo musuh datang tapi henteu nabeuh tanda bahaya, nepi ka musuh teh datang maehan jelema-jelema anu dosa, Kami tangtu nyalahkeun ka eta juru kemit anu ngalantarankeun paehna eta jelema-jelema.

⁷Eh anak manusa, ayeuna maneh ku Kami dijieun juru kemit bangsa Israil. Maneh kudu

nepikeun peringatan-peringatan ti Kami ka maranehanana.

⁸Saupama Kami mere nyaho yen aya hiji jalma jahat anu kudu paeh, tapi maneh henteu ngelingan ka eta jelema sina ngarobah kalakuanana sangkan hirupna salamet, eta jelema baris tulus paehna, tetep dosana, tapi sual paehna nya maneh anu ku Kami dikudukeun tanggung jawab.

⁹Saupama maneh geus mepelingan ka eta jelema tapi jelemana henteu euih-euih, eta jelema baris tulus paehna, tetep dosana, tapi hirup maneh mah salamet."

¹⁰PANGERAN nimbalan ka kaula. "Eh anak manusa," timbalana-Na, "pindoan ku maneh omongan urang Israil anu nyebutkeun yen, Urang teh beurat ku dosa, beurat ku kasalahan-kasalahan. Cilaka urang teh. Pimanaeun hirup?

¹¹Bejakeun ka maranehna, demi Kami teh PANGERAN Nu Maha Agung, Allah anu jumeneng, hamo teh teuing bungah ningali aya jelema dosa paeh. Kami mending ningali jelema dosa teh eureun tina dosana sangkan hirup. Eh Israil, geura eureun migawe dosa. Nanaonan bet ngaharepkeun paeh?

¹²Ayeuna eh anak manusa, bejakeun ka urang Israil, yen lamun aya jelema bener tuluy nyieun dosa, kalakuan hadena anu enggeus-enggeus teh moal matak nulungan. Jelema jahat lamun eureun tina kajahatanana

moal dihukum. Sabalikna jelema hade tapi tuluy ngalampahkeun dosa, hirupna teh moal katulungan.

¹³Najan jelema hade ku Kami geus dijangjian baris dihirupan, tapi lamun manehna boga rasa yen kalakuan hadena teh geus cukup sakitu, sarta tuluy mimiti nyieun dosa, kalakuan hadena anu enggeus-enggeus sarupa ge ku Kami moal diinget-inget. Manehna bakal paeh ku karana dosa-dosana.

¹⁴Najan upama Kami geus mere nyaho ka jelema jahat yen manehna kudu paeh, lamun manehna eureun mah tina kajahatanana sarta tuluy milampah anu hade,

¹⁵upamana bae mulangkeun barang anu ku batur ditandonkeun ka manehna, atawa mulangkeun naon bae anu geus dipaling ku manehna, cindekna eureun tina kajahatanana sarta nurut kana hukum-hukum anu mawa kana hirup, tangtu manehna hirup, moal paeh.

¹⁶Kajahatanana anu enggeus-enggeus tangtu ku Kami dihampura, tangtu baris hirup lantaran geus milampah anu bener jeung anu hade.

¹⁷Tapi ceuk bangsa maneh peta Kami teh teu adil! Puguh cara-cara maranehanana anu teu adil.

¹⁸Jelema bener ge ari geus nyieun kajahatananah mah kudu paeh ku karana kajahatanana.

¹⁹ Sabalikna jelema jahat oge ari eureun jahatna sarta terus milampah anu hade jeung anu bener mah, kalakuanana teh jadi pitulung geusan hirupna.

²⁰ Tapi ceuk maraneh mah, eh Israil, peta Kami kitu teh teu adil. Kami ngahukum maneh teh ku lantaran lampah maneh."

²¹ Dina tanggal lima, bulan kasapuluh, sanggeus dua belas taun hirup di nagri buangan, datang jelema anu lolos ti Yerusalem mawa beja ka kaula, carekna eta kota teh geus rugrug.

²² Samemeh manehna datang, dina peutingna kaula ngarasa yen kakawasaan PANGERAN datang. Ari isukna sanggeus eta jelema datang, PANGERAN maparinkeun deui kapercekaan nyarita ka kaula.

²³ PANGERAN nimbalan ka kaula.

²⁴ "Eh anak manusia," timbalana-Na, "jelema-jelema anu ngareusian kota-kota ruruntuk di Israil teh nyararita kieu, Ibrahim anu ngan saurang dibere tanah mani sageblengna. Urang sakieu lobaanana, jadi tanah teh urang nu boga.

²⁵ Bejakeun ka maranehanana kieu timbalan Kami, PANGERAN Nu Maha Agung: Maraneh ngaharakan daging anu aya keneh getihna. Maraneh ngabarakti ka brahala-brahala. Jeung sok maraahan. Jadi naon dasarna ngaku eta tanah boga maraneh?

²⁶ Maraneh ujub takabur ku pedang sorangan. Pepetaan maraneh matak ceuceub. Unggal jelema pada ngaranyed. Jadi naon dasarna ngaku eta tanah boga maraneh?

²⁷ Bejakeun ka maranehna yen Kami, PANGERAN Nu Maha Agung mere nyaho, yen, demi Kami teh Allah anu jumeneng, eta jelema-jelema anu ngareusian kota-kota ruruntuk teh tangtu ditumpes. Anu nyarumput di gunung-gunung jeung di guha-guha sina paraeh ku kasakit.

²⁸ Eta nagara rek dijadikeun tempat anu tiiseun, sarta kakawasaanana anu ku maranehanana kacida dipikaagulna, ku Kami rek dieureunkeun. Gunung-gunung di Israil baris disina rembet jeung rumpil, nepi ka moal aya saurang-urang acan anu bisa ngaliwat ka dinya.

²⁹ Saupama eta jelema-jelema ku Kami enggeus dihukum ku karana dosa-dosana, jeung saupama eta nagara geus jadi tempat anu combrek, maranehanana bakal nyaraho yen Kami teh PANGERAN."

³⁰ PANGERAN nimbalan, "Eh anak manusia, maneh keur pada ngaromongkeun ku bangsa sorangan ari maranehanana karumpul di tembok kota, atawa di lawang-lawang panto imahna. Carekna batur pada batur, Hayu ah urang ngadengekeun, aya pesen naon deui ti PANGERAN poe ieu.

³¹ Jadi eta umat Kami teh bakal tinggarimbung arek ngadarengekeun naon-naon anu baris diucapkeun ku maneh, tapi hal anu ku maneh dititah dipilampah mah moal dijaralankeun. Ucap-ucap maneh dianggapna ku maranehna ngan sakadar guguritan. Maranehanana bakal angger sarakah harirupna teh.

³² Diaranggapna maneh teh teu kurang teu leuwih ti tukang ngamen, ngawihkeun lagu asmara atawa nabeuh kacapi. Ucap-ucap maneh saukur ditaranggap, ditarurut mah sakecap ge moal.

³³ Tapi lamun sagala ucapan maneh tea geus kabuktian, tur geus pasti kabuktian, kakara bakal kararasaeun kumaha pentingna nabi keur maranehna."

34 ¹PANGERAN nimbalan ka kaula.

²Timbalana-Na, "Eh anak manusia, carekan para kawasa Israil. Maneh kudu ngaramal, sarta bejakeun ieu timbalan Kami, PANGERAN Nu Maha Agung, ka maranehanana: Cilaka maraneh, eh para kawasa anu ngangon Israil! Maraneh ngan ngarurus diri sorangan bae, ari domba-domba angongan henteu diarurus.

³Susuna diarinum, buluna dijarieun papakean, domba anu pangalusna dipareuncit dagingna diharakan, digetenan mah henteu.

⁴Anu lalemahna tara dititenan, anu gareringna tara dialubaran, anu taratu

tara dibeberan, anu ngalantrah tara diteang digiring balik, anu sararasab tara ditareangan. Kalakuan maraneh ka eta domba-domba kacida tarelengesna.

⁵ Ku lantaran euweuh nu ngurus, domba teh jadi bacacar ka mana-mana, geus bae ditekukan diharakan ku sato-sato galak.

⁶ Domba Kami jadi abur-aburan ka pasir-pasir, ka luhur-luhur gunung. Paburencay ka sajagat, euweuh nu neangan, euweuh anu niat-niat acan neangan.

⁷ Eh tukang-tukang ngangon, dengekeun ieu timbalan Kami, PANGERAN Nu Maha Agung.

⁸ Demi Kami teh Allah anu jumeneng, maraneh leuwih hade narurut ka Kami. Domba Kami nepi ka ditekukan diharakan ku sato-sato galak lantaran euweuh nu ngangon. Anu ngarangonna euweuh anu pangangguran neangan eta domba-domba. Lain ngarurus domba, ngan ngarurus dirina bae.

⁹ Ku sabab kitu eh tukang-tukang ngangon, darengekeun.

¹⁰ Kami, PANGERAN Nu Maha Agung nerangkeun, yen Kami ngamusuh ka maraneh. Domba-domba teh rek dicokot ti maraneh, moal dibikeun diangon deui ku maraneh. Kalakuan maraneh ngarurus diri sorangan bae ku Kami moal diantep. Domba Kami rek dicokot, dicabut ti maraneh, dagingna moal dibikeun diharakan ku maraneh."

¹¹ "Kami, PANGERAN Nu Maha Agung, mere nyaho ka maraneh. Domba Kami rek diteangan ku sorangan, rek diurus ku sorangan,

¹² sakumaha tukang ngangon anu geten ka dombana anu tas paburencay kakara beunang ngumpulkeun deui. Ti saban tempat bacacarna lantaran poe harita keur angkeub tur pinuh ku picilakaeun, engke ku Kami baris dibawa balik.

¹³ Rek dibawa kaluar ti nagri-nagri asing, sina kumpul ngahiji tuluy dibawa balik ka nagrina sorangan. Rek dipingpin ku Kami, dibalikkeun deui ka gunung-gunung jeung walungan-walungan di Israil, sina nyaratuan di sampalan-sampalan anu pikaresepeun.

¹⁴ Nyaratuanana sina aranteng tumaninah, di tegal jukut di gunung, di lebak, kitu deui di sampalan-sampalan sapadataran tanah Israil anu harejo ngemploh.

¹⁵ Domba Kami rek diangon ku sorangan, dipangneangankeun tempat keur reureuhna. Kitu timbalan Kami, PANGERAN Nu Maha Agung.

¹⁶ Anu leungit ku Kami rek diteangan, anu nyasab rek dibawa deui balik, anu raheut rek dibeberan, anu gering rek diubaran, tapi anu marontok jeung baredas mah rek dipeuncitan, sabab Kami teh tukang ngangon anu kudu migawe sakumaha mistina.

¹⁷ Ayeuna eh angonan Kami, ieu Kami, PANGERAN Nu Maha Agung mere nyaho, maraneh baris dipariksa taliti ku Kami hiji-hiji, anu balageur rek dipisahkeun ti nu jarahat, domba dipisahkeun ti embe.

¹⁸ Di maraneh aya anu ngarasa teu cukup ku nyatu jukut anu pangalusna bae, malah ngidek-ngidek jukut anu ku maraneh henteu dihakan. Maraneh nginum cai anu herang, tapi cai anu teu diinum ku maraneh dilelecek.

¹⁹ Domba Kami anu sejen-sejenna nepi ka kudu nyatu jukut urut maraneh ngaluluh, nginum cai urut maraneh ngalelecek.

²⁰ Ku hal eta Kami, PANGERAN Nu Maha Agung mere nyaho, Kami rek ngayakeun pamariksaan, mana domba anu bedas, mana domba anu hengker.

²¹ Batur keur gering ku maraneh disuntrungkeun, disurudug sina kaluar tina rombongan.

²² Tapi ku Kami rek ditulungan, moal diantep dikaniaya ku maraneh. Domba Kami baris ditaliti hiji-hiji, nu balageurna baris dipisahkeun ti nu jarahat.

²³ Ku Kami baris dibere raja anu saperti Daud abdi Kami tea, anu baris ngangon jeung rumawat ka maranehanana.

²⁴ Kami, PANGERAN, nu baris jadi Allahna, ari raja anu saperti abdi Kami Daud bakal jadi rajana. Kitu timbalan Kami.

²⁵Kami rek nyieun perjangjian ka maranehanana, perjangjian anu mere kapastian yen hirup maranehanana tangtu tengtrem ayem. Sasatoan anu ngabahayakeun baris dieuweuhkeun ti ieu nagri, sangkan domba Kami aman hirupna, boh nu di tegal-tegal boh nu di jero leuweung.

²⁶Ku Kami baris diberkahan jeung sina maratuh di sakurilingeun gunung Kami anu suci. Tangtu di dinya bakal diberkahan, dibere hujan lamun maranehanana perlu ku hujan.

²⁷Tatangkalan bakal baruahan, tegalan-tegalan bakal mere paneneun, sarta kabeh bakal santosa hirupna di tanah sorangan. Saupama umat Kami geus dibukaan rante borogodna sarta ku Kami geus dibebaskeun ti jelema-jelema anu ngagenggemna, maranehna bakal nyaraho yen Kami teh PANGERAN.

²⁸Bangsa-bangsa nu nyarembah ka brahala moal deui-deui ngaranjah ka maranehanana, sato-sato galak moal deui-deui nekuk jeung ngahakan ka maranehna. Hirup maranehna bakal aman santosa, sama sakali moal aya anu pikasieuneun.

²⁹Ku Kami rek dibere lahan-lahan anu subur, di eta tanah moal aya deui anu kalaparan, jeung moal diparoyok deui ku bangsa-bangsa lian.

³⁰Kabeh jalma bakal nyaho yen Israil diraksa ku Kami, kabeh bakal nyarahoeun

yen Israil teh umat Kami. Kitu timbalan Kami, PANGERAN Nu Maha Agung.

³¹ Eh domba Kami, anu diparaban ku Kami, maraneh teh umat Kami, Kami teh Allah maraneh," dawuhan PANGERAN Nu Maha Agung.

35 ¹ PANGERAN nimbalan ka kaula.

² "Eh anak manusa," timbalana-Na, "carekan nagri Edom.

³ Bejakeun ka rahayatna ieu timbalan Kami, PANGERAN Nu Maha Agung. Kieu: Kami ngamusuh ka maneh, he pagunungan Edom! Maneh rek dijadikeun tempat anu suwung.

⁴ Kota-kota maneh rek dijadikeun ruruntuk, tanah maneh bakal suwung. Engke maneh nyaho yen Kami teh PANGERAN.

⁵ Maneh geus jadi satru kabuyutan Israil. Waktu Israil keur nandang cilaka, waktu keur meunang hukuman lantaran dosa-dosana, rahayatna ku maneh dipareuncitan.

⁶ Ku sabab kitu, demi Kami teh PANGERAN Nu Maha Agung, nya Allah anu jumeneng, maneh pinasti ajal hamo bisa luput. Dosa maneh ngumbar rajapati, maneh bakal diudag ku rajapati.

⁷ Kota pagunungan Edom ku Kami rek disuwungkeun, sakur anu ngaliwat ka dinya rek dipaehan.

⁸ Pagununganana sina pinuh ku bangke, pasir-pasir jeung lebak-lebakna sina pinuh ku mayit anu paraeh di pangperangan.

⁹ Maneh rek disuwungkeun salalawasna, kota-kota maneh hamo aya nu nyicingan deui. Geus kitu kakara maneh nyaho yen Kami teh PANGERAN.

¹⁰ Carek maneh bangsa Yuda jeung Israil teh duanana anu maneh, rek dipimilik ku maneh katut jeung tanahna, teu malire ka Kami, PANGERAN, nu jadi Allah maranehna.

¹¹ Demi Kami teh PANGERAN, Allah anu jumeneng, eta kaangkaraan, rasa sirik jeung kageuleuh maneh ka umat Kami, ku Kami tangtu dibales. Umat Kami sina nyarahoeun yen peta maneh kitu ka maranehanana ku Kami dibales.

¹² Geus kitu maneh bakal nyaho yen Kami, PANGERAN, ngadangu basa maneh ngahihina yen pagunungan Israil geus mencil, ku maneh rek diteureuy buleud.

¹³ Kami ngadangu basa maneh ngomongkeun Kami bari adigung takabur."

¹⁴ PANGERAN Nu Maha Agung nimbalan, "Maneh rek diburak-barik sama sakali. Bangsa-bangsa sina aratoheun pedah maneh rugrug,

¹⁵ cara maneh oge atoh dumeh Israil milik kagungan Kami ruksak. Pagunungan Seir, nya satanah Edom pasti baris diruksak. Geus kitu jelema-jelema bakal nyaraho yen Kami teh PANGERAN."

36 ¹ PANGERAN nimbalan, "Eh anak manusa, caritakeun ka gunung-

gunung di Israil, jeung sina didarengkeun ieu pesen ti Kami,

²PANGERAN Nu Maha Agung pikeun maranehna. Musuh-musuh Israil ngaromong bangun puas, carekna, Eta gunung-gunung purbakala teh geus kapimilik ku urang!

³Ku sabab kitu maneh kudu ngaramal, sarta umumkeun ieu anu rek didawuhkeun ku Kami, PANGERAN Nu Maha Agung. Waktu bangsa-bangsa tatangga nempuh jeung ngarampog gunung-gunung di Israil, unggal jalma moyok ka Israil.

⁴Ku sabab kitu ayeuna dengekeun anu rek diucapkeun ku Kami, PANGERAN Nu Maha Agung, ka maraneh, gunung-gunung jeung pasir-pasir, anak-anak walungan jeung lebak-lebak, tempat-tempat anu geus runtuh jeung suwung, kota-kota anu geus ditaringgalkeun ku pangeusina sarta dirampog jeung dihina ku bangsa-bangsa sakurilingna.

⁵Kami, PANGERAN Nu Maha Agung, ngarasa ambek jeung ngancam ka eta bangsa-bangsa sakurilingna, pangpangna ka Edom. Bari atoh jeung nganggap enteng maranehanana ngarebut tanah Kami, jeung ngarampas sampalan-sampalanana.

⁶Maneh kudu ngaramalkeun tanah Israil. Bejakeun ka gunung-gunung, ka pasir-pasir, ka anak-anak walungan jeung ka lebak-lebak, ieu ucapan Kami anu rek diucapkeun reujeung

amarah ka bangsa-bangsa anu ngahina jeung ngasorkeun ka maranehanana.

⁷ Kami, PANGERAN Nu Maha Agung sumpah, eta bangsa-bangsa sakurilingeunana teh ku Kami rek dihinakeun.

⁸ Sabalikna di gunung-gunung tanah Israil mah tatangkalan bakal daraunan deui sarta baruahan, pikeun maneh umat Kami, eh Israil. Maneh bakal tereh mulang deui.

⁹ Kami baris ngaping, tur mere kapastian yen tanah maneh bakal diwuluku deui, disebaran deui binih.

¹⁰ Jalma-jalma pangeusi maneh rek disina loba. Maneh bakal nyicingan deui kota-kota, anu raruksak bakal diadeg-adegkeun deui.

¹¹ Jalma katut ingon-ingonna rek dijembarkeun, sina leuwih loba batan ti heula sarta sina laloba anak. Sina sarenang hirupna di dinya cara baheula, jeung sina leuwih makmur ti batan nu enggeus-enggeus. Geus kitu maranehanana bakal nyaraho yen Kami teh PANGERAN.

¹² Eh Israil umat Kami, maraneh rek dibawa balik, rek dipulangkeun ku Kami ka tanah sorangan. Eta tanah pikeun maraneh, anak-anak maraneh moal disina paraeh kalaparan deui.

¹³ Kieu dawuhan Kami, PANGERAN Nu Maha Agung: Bener eta tanah teh ku warga-wargana disarebut tukang ngakan

jelema, tukang ngarampogan anak-anak wargana.

¹⁴Tapi ti semet ayeuna moal deui jadi tukang ngakan jelema, moal deui ngarampogan anak-anak maraneh. Kitu timbalan Kami, PANGERAN Nu Maha Agung.

¹⁵Eta tanah moal deui ngadenge pamoyok bangsa-bangsa, moal deui pada ngahina. Moal deui ngarampogan anak warga-wargana, kitu timbalan Kami, PANGERAN Nu Maha Agung."

¹⁶PANGERAN nimbalan ka kaula.

¹⁷"Eh anak manusा," timbalana-Na, "keur basa urang Israil maratuh di tanahna keneh geus ngarurujit eta tanah ku cara-cara hirup jeung kalakuanana. Adat kalakuanana kitu ku Kami dianggap sarua kotorna jeung awewe anu keur haid.

¹⁸Tanah teh jadi rujit ku kabiasaan maranehanana maehan jeung ku brahala-brahalana. Anu matak maranehanana ku Kami disina ngasaan amarah Kami.

¹⁹Dihukum ku tina cara-cara hirup jeung kalakuanana, seug dipabalencarkeun ka nagara-nagara asing.

²⁰Tapi ka mana bae daratangna ngan matak goreng bae kana jenengan Kami anu suci, lantaran ceuk anu lian, leu jelema-jelema teh ongkoh umat Allah, tapi nepi ka naringgalkeun tanah pamere Allahna sorangan.

²¹ Kami prihatin lantaran jenengan Kami anu suci, dinistakeun ku urang Israil ka mana bae maranehna daratang.

²² Ku sabab eta bejakeun ka urang Israil ieu pesen Kami, PANGERAN Nu Maha Agung: Kami rek midamel kitu teh lain ku sabab karunya-karunya teuing ka maraneh, eh bangsa Israil, tapi ku sabab jenengan Kami anu suci dinistakeun ku maraneh di unggal nagri anu ku maraneh didatangan.

²³ Engke, lamun Kami geus nembongkeun kasucion jenengan Kami anu agung ka bangsa-bangsa jenengan anu ku maraneh geus dinistakeun di tengah jalma lian eta bangsa-bangsa teh kakara bakal nyaraho yen Kami teh PANGERAN. Kitu timbalan Kami, PANGERAN Nu Maha Agung. Maraneh ku Kami rek dipake nembongkeun ka bangsa-bangsa, yen Kami teh suci.

²⁴ Maraneh rek dicokot ti unggal bangsa jeung ti saban nagri, rek dibawa mulang ka tanah sorangan.

²⁵ Rek dibanjuran ku Kami ku cai anu herang, sangkan beresih tina brahala-brahala jeung tina sagala rupa rereged anu narapel.

²⁶ Hirup maraneh baris dianyarkeun, pikiran oge rek dianyarkeun. Adat maraneh anu wangkelang, anu teuas kawas batu, baris diganti ku adat anu nurut.

²⁷ Batin maraneh baris dieusian Roh Kami, sarta ku karana eta maraneh jadi narurut

kana hukum-hukum Kami, ngalampahkeun sagala parentah Kami.

²⁸ Geus kitu maraneh baris maratuh di tanah anu ku Kami geus dipaparinkeun ka karuhun maraneh. Maraneh baris jadi umat Kami, sarta Kami baris jadi Allah maraneh.

²⁹ Maraneh rek dijaga tina sagala hal anu matak najis kana diri. Ku parentah Kami, pelak gandum baris mucukil hasilna, nepi ka moal nyorang deui kalaparan.

³⁰ Tangkal bubuhan bakal laleubeut buahna, kitu deui hasil lahan, nepi ka maraneh moal dihina deui ku bangsa-bangsa lantaran kalaparan.

³¹ Maraneh bakal kaseuit-seuit ku kajahatan jeung kadorakaan sorangan, nepi ka lamun aringet kana eta dosa jeung kadorakaan, maraneh jadi cua ka diri sorangan. Kitu timbalan Kami, PANGERAN Nu Maha Agung.

³² Eh Israil, Kami hayang sangkan maneh nyaho, yen Kami migawe eta kabeh teh lain ku karana maneh. Anu dipalar ku Kami sangkan maneh ngarasa era jeung hina ku kalakuan. Kitu timbalan Kami, PANGERAN Nu Maha Agung."

³³ Dawuhan PANGERAN Nu Maha Agung, "Lamun maraneh ku Kami geus diberesihkeun tina sagala dosa, rek dipatuhkeun deui di kota-kota, aromean eta anu geus raruksak teh.

³⁴ Sakur anu bareto sok laliwat ka lahan-lahan maraneh, nyarahona eta teh kacida balana mani kawas leuweung; pek arolah deui eusian ku pepelakan.

³⁵ Bakal tempong ka sarerea eta tanah anu tadina jiga leuweung teh engke mah mani jiga Taman Pirdus. Kota-kotana anu tadina burak-barik urut ngaranjah batur nepi ka jadi ruruntuhan, engke mah dicaricingan deui turug-turug jadi kacida gegekna.

³⁶ Bangsa-bangsa anu darareukeut, anu araya keneh, bakal nyarahoeun yen eta kota-kota anu geus rarubuh teh geus diadegkeun deui ku Kami, PANGERAN, sarta lahan-lahan anu geus gararing jadi euyeuh deui ku pepelakan. Kitu jangji Kami, PANGERAN, tangtu dijalankeun."

³⁷ Dawuhan PANGERAN Nu Maha Agung, "Kami baris ngersakeun urang Israil sina marenta deui pitulung ka Kami, sarta bilangan maranehna sina tambah-tambah ngalobaan kawas domba.

³⁸ Kota-kota anu ayeuna masih keneh pasolengkrah, bakal gegek deui ku pangeusi, kawas Yerusalem bareto loba dombana kurbankeuneun dina pesta. Geus kitu maranehna bakal nyaraho yen Kami teh PANGERAN."

37 ¹Kaula ngarasa aya dina kakawasaan PANGERAN, sarta ku Roh Mantenna

kaula dibawa, terus diturunkeun di hiji lebak
anu pinuh ku tulang-taleng.

²Ti dinya dibawa ngurilingan eta lebak.
Tulang-taleng teh kacida reana jeung geus
gararing.

³Mantenna ngalahir, "Eh anak manusa,
kumaha eta tulang-taleng teh bisa harirup
deui?" Kaula ngawangsul, "Nun PANGERAN
Nu Maha Agung, Gusti nu langkung uninga!"

⁴Dawuhana-Na, "Ucapkeun ieu ramalan
ka eta tulang-taleng. Bejakeun ka eta
tulang-taleng nu gararing, barangdungan kituh
ieu ucapan PANGERAN.

⁵Bejakeun yen Kami, PANGERAN Nu Maha
Agung, ngandika kieu ka maranehna:
Maraneh rek diasupan napas, dihirup-
hirupkeun deui.

⁶Rek dilengkepan ku urat sarap jeung otot
sarta ditutup ku kulit, tuluy diasupan napas
sangkan harirup deui. Geus kitu maraneh
bakal nyaraho yen Kami teh PANGERAN."

⁷Seug kaula ngucapkeun ramalan sakumaha
anu dipiwarang. Sabot kaula ngomong
keneh, kadenge tulang-taleng teh disarada
trak-trek-trok, tuluy mimiti nyararambung.

⁸Sabot diawaskeun, tulang-taleng anu geus
nyararambung teh geus katutup ku urat
sarap, ku otot-otot jeung ku kulit, ngan can
aya ambekanana.

⁹Allah ngadawuh ka kaula, "Eh anak
manusa, ramalkeun ieu ka angin. Bejakeun

ka angin yen dipiwarang ku PANGERAN Nu Maha Agung kudu daratang ti saban juru, geusan mere napas ka ieu jasad-jasad nu paraeh sina harirup deui."

¹⁰Seug kaula ngaramal numutkeun timbalana-Na. Sup napas arasup kana eta jasad-jasad, sarta jasad-jasad teh harirup tuluy narangtung. Ari lobana cukup keur ngawangun hiji angkatan perang.

¹¹Allah ngadawuh ka kaula, "Eh anak manusa, urang Israil teh sakumaha eta tulang-taleng. Carekna, maranehna teh geus gararing, geus pegat hamo bisa menyat.

¹²Ku sabab kitu ramalkeun kieu ka eta umat Kami Israil, bejakeun yen Kami, PANGERAN Nu Maha Agung, baris muka kuburan maranehanana. Maranehanana ku Kami arek dikaluarkeun tina kuburan, rek dipulangkeun ka tanah Israil.

¹³Saupama tempat-tempat umat Kami dikubur tea ku Kami geus dibuka, sarta maranehanana dikaluarkeun ti dinya, bakal nyarahoeun yen Kami teh PANGERAN.

¹⁴Maranehna rek diasupan napas Kami sina harirup deui, sina nyaricingan tanahna sorangan. Geus kitu bakal nyarahoeun yen Kami teh PANGERAN. Kitu ikrar Kami, ku Kami tangtu dijalankeun. Kitu timbalan Kami, PANGERAN."

¹⁵PANGERAN ngadawuh deui ka kaula.

¹⁶"Eh anak manusa," dawuhana-Na, "maneh kudu nyokot hiji iteuk kai, ukir ku tulisan anu unina: Karajaan Yuda. Geus kitu nyokot hiji deui, ukir ku tulisan nu unina Karajaan Israil.

¹⁷Geus kitu eta dua iteuk teh tungtung pada tungtung keupeul sina siga ngan hiji.

¹⁸Di mana bangsa maneh menta keterangan pihartieunana,

¹⁹caritakeun yen Kami, PANGERAN Nu Maha Agung, bakal nyokot eta iteuk anu ngalambangkeun Israil, rek dihijikeun jeung iteuk anu ngalambangkeun Yuda. Tina eta dua iteuk, Kami rek nyieun hiji iteuk anu baris digenggem ku Kami.

²⁰Cekel ku leungeun maneh eta dua iteuk teh, jeung sina katarenjoeun ku jalma-jalma.

²¹Tuluy caritakeun yen Kami, PANGERAN Nu Maha Agung baris nyandak sakumna umat Kami ti antara bangsa-bangsa, rek dikumpulkeun sina ngahiji, tuluy dibawa mulang ka tanahna sorangan.

²²Di eta tanah, di pagunungan Israil, maranehanana ku Kami rek dijadikeun sabangsa, diparentah ku raja saurang, moal dijadikeun deui dua bangsa atawa dipecah jadi dua karajaan.

²³Moal nganistakeun dirina deui ku brahala-brahala anu pikacuiaeun, moal ngarurujit deui hirupna ku dosa. Ku Kami baris dibebaskeun tina sagala hal anu matak jadi dosa atawa

matak ngahianat ka Kami. Rek disucikeun, baris jadi umat Kami sarta Kami jadi Allahna.

²⁴ Ari pirajaeunana nya raja anu cara abdi Kami Daud. Maranehanana bakal jadi sahiji di bawah hiji kapala tur garumati kana hukum-hukum Kami.

²⁵ Baris marukim di tanah anu ku Kami geus dipaparinkeun ka Yakub, tanah urut karuhunna. Baris maratuh di dinya salalawasna, kitu deui anak incuna turuntumurun, diparentah ku hiji raja anu cara abdi Kami Daud.

²⁶ Jeung maranehna Kami rek ngayakeun perjangjian anu mere kapastian hal kaamanan hirupna sapapanjangna. Ku Kami rek diberkahan, jumlahna sina tambah loba, sarta Bait Allah baris diperenahkeun di dinya, sina ngadeg salalawasna.

²⁷ Kami bakal aya di dinya nyarengan maranehanana, Kami bakal jadi Allahna, maranehna bakal jadi umat Kami.

²⁸ Lamun Bait Allah geus merenah di maranehna pikeun salalawasna, bangsa-bangsa bakal nyaraho yen Kami, PANGERAN, geus ngangkat Israil jadi umat Kami."

38 ¹PANGERAN nimbalan ka kaula.

²Timbalana-Na, "Eh anak manusia, carekan Gog, kawasa utama bangsa Mesek jeung Tubal di tanah Magog.

³Bejakeun Kami teh musuhna.

⁴Ku Kami rek disina malik, rek dikait caheumna tuluy disered katut pasukanana. Bala tentarana, kuda-kudana jeung anu tarumpakna anu pakeanana saragem, jumlahna kacida lobana, sarta unggal prajuritna marawa tameng, pakarangna pedang.

⁵Manehna direujeungan ku urang Persia, urang Sudan jeung urang Libia, kabeh marake tameng jeung marake topi waja.

⁶Jalma-jalma anu tuman jurit ti Gomer jeung Bet-Togarma ti kaler, kitu deui ti bangsa-bangsa lianna oge milu ngabaturan.

⁷Bejakeun, geura sadia marentah pasukanana.

⁸Sanggeus pirang-pirang taun, engke manehna ku Kami diparentahkeun ngarurug hiji nagara, anu rahayatna geus dihijkeun deui ku Kami, geus dipulangkeun deui ti sagala bangsa, tur hirup tengtrem henteu sieuneun aya anu merangan. Manehna sina nempuh gunung-gunung di Israil anu suwung sakitu lilana, tapi ayeuna geus dicaricingan deui ku rahayatna kalawan aman.

⁹Manehna jeung baladna dibarengan ku bangsa-bangsa kacida lobana, bakal datang lir angin ribut, nutupan eta tanah lir mega mendung."

¹⁰Kieu anu bakal didawuhkeun ka Gog ku PANGERAN Nu Maha Agung, "Dina mangsa eta maneh bakal kadatangan niat jahat.

¹¹ Seug nangtukeun arek ngarurug ka eta nagri anu euweuh kakuatanana, anu rahayatna keur ngarasa tengtrem jeung aman di kota-kota anu bolostrong, euweuh kuta, euweuh hahalang naon-naon.

¹² Maneh bakal boga karep arek ngaranjah jeung ngarayah ka rahayat di dinya, di kota-kota anu tadina burak-barik tea. Eta jelema-jelema teh kakara beunang ngahijikeun deui, anyar mulang ti sagala bangsa, tapi enggeus menyat deui, geus baroga ingon-ingon, baroga harta banda, jongjon nyaricingan eta tanah puseur bumi.

¹³ Urang Syeba, urang Dedan jeung para sudagar kota-kota di Sepanyol bakal naranya kieu ka maneh, Anjeun natakeun balad teh rek dipake ngarurug, rek dipake ngaranjah jeung ngarayah? Hayang perak jeung emas, ingon-ingon jeung harta banda, sangkan ari balik mawa barang-barang rampasan?"

¹⁴ Ti dinya kaula ku PANGERAN Nu Maha Agung dipiwarang nepikeun timbalana-Na ka Gog, kieu, "Sabot umat Kami Israil jarongjon tur aman, maneh sasadiaan terus budal

¹⁵ ti tempat maneh anu jauh di kaler, ngerid wadyabalad gede tur kuat, perjurit-perjuritna rupa-rupa bangsa, kabeh tarumpak kuda.

¹⁶ Maneh arek ngarurug ka umat Kami Israil, datang lir angin ribut anu ngagelebug nyorang ka eta tanah. Mangsa eta maneh ku Kami diinditkeun sangkan ngarurug ka

tanah Kami, sabab maneh ku Kami rek dipake nembongkeun ka bangsa-bangsa, saha Kami teh. Rek dipake nembongkeun kasucion Kami.

¹⁷ Sabab nya maneh anu ku Kami bareto disebut-sebut waktu Kami nitah ngumumkeun ka abdi-abdi Kami, nya eta nabi-nabi di Israil, yen di mana geus cunduk waktuna, Kami rek ngadatangkeun hiji jelema anu bakal ngarurug ka Israil." Kitu anu ditimbalkeun ku PANGERAN Nu Maha Agung.

¹⁸ PANGERAN Nu Maha Agung ngadawuh, "Dina waktu Gog ngarurug Israil, Kami rek ngabudalkeun amarah.

¹⁹ Ieu Kami ngabejaan, yen dina waktu eta di tanah Israil bakal aya lini kacida gedena.

²⁰ Lauk-lauk, manuk-manuk, sasatoan gede leutik jeung manusa sakuliah bumi, kabeh bakal ngadegdeg sieun ku Kami. Gunung-gunung tangtu urug, cadas-cadas balalencar, kuta-kuta bakal rebah.

²¹ Gog rek dikeunaan sagala rupa balahi, sangkan geumpeur. Kitu timbalan Kami, PANGERAN Nu Maha Agung. Balad-baladna bakal silih kadek pada batur.

²² Gog arek dihukum ku Kami ku kasakit jeung sina mandi getih. Manehna jeung baladna, kitu deui rupa-rupa bangsa anu ngabantuan bakal ditinggang ku hujan guntur jeung hujan buah campur seuneu jeung walirang.

²³Kitu peta Kami pikeun nembongkeun ka sakabeh bangsa, yen Kami teh agung jeung suci. Maranehna bakal nyaraho yen Kami teh PANGERAN.”

39¹ PANGERAN Nu Maha Agung nimbalan, “Eh anak manusa, carekan Gog kapala utama bangsa Meseck jeung Tubal teh, jeung bejakeun Kami teh musuhna.

²Ku Kami manehna rek ditungtun, dibawa kaluar ti tempatna anu jauh di kaler, nepi ka datang ka pagunungan Israil.

³Geus kitu gondewa dina leungeun kencana ku Kami bakal ditepak nepi ka lesot, jamparing-jamparing dina leungeun katuhuna marurag.

⁴Gog jeung balad-baladna sarta jeung anu ngabarantuna bakal tinggolepak paraeh di pagunungan Israil, bangke-bangkena diparacokan ku manuk, diharakan ku sato-sato galak.

⁵Kabeh paraeh tingjaloprak di tegalan. Kitu timbalan Kami, PANGERAN Nu Maha Agung.

⁶Geus kitu tanah Magog jeung tanah-tanah sapanjang basisir-basisir anu pribumina keur garenah-genah, ku Kami arek dihuru, sina nyarahoeun kabeh yen Kami teh PANGERAN.

⁷Kami arek ngayakinkeun ka umat Kami Israil yen jenengan Kami teh suci, moal ngantep jenengan Kami direndahkeun deui. Geus kitu bangsa-bangsa bakal nyaraho yen

Kami, PANGERAN, Allah anu suci, Allahna Israil."

⁸PANGERAN Nu Maha Agung nimbalan, "Eta mangsa anu bieu disebut ku Kami pasti datang.

⁹Rahayat anu caricing di kota-kota Israil bakal kalaluar ngumpulkeun pakarang-pakarang urut perang keur pisuluheun. Tameng-tameng, gondewa-gondewa, tumbak-tumbak jeung gada-gada, mahi keur ngahurungkeun seuneu tujuh tauneun.

¹⁰Jadi maranehna teu kudu nyiar suluh ka tegal atawa nuar kai ka leuweung, sabab geus baroga pisuluheun tina pakarang-pakarang urut perang tea. Musuh anu ngaranjah jeung ngarayah malik jadi diranjah jeung dirayah ku maranehanana." Kitu timbalan PANGERAN Nu Maha Agung.

¹¹PANGERAN nimbalan, "Upama hal eta geus bukti, Kami rek nyadiakeun tanah keur kuburan Gog di Israil, di Lebak Pameuntasan, wetaneun Laut Mati. Gog jeung balad-baladna baris diruang di dinya, sarta eta lebak bakal disarebut Lebak balad-balad Gog.

¹²Urang Israil ngubur-nguburkeun bangkena nepi ka tujuh bulan lilana, kakara eta daerah teh beresih deui.

¹³Sakur urang dinya kabeh marilu nguburkeun, sarta maranehna dina poean Kami ngagungkeun kamulyaan Kami bakal

mareunang pahla. Kitu timbalan Kami,
PANGERAN Nu Maha Agung.

¹⁴Sanggeus anu tujuh bulan tea liwat, aya
jelema-jelema anu baris dibakukeun kudu
ngaronda eta tanah, bisi aya keneh bangke
anu can kakubur kudu tuluy dikubur supaya
eta tanah beresih.

¹⁵Saupama aya jelema anu nanjak atawa
mudun ti kota manggih rorongkong jelema,
rorongkongna kudu dicirian di gigireunana,
sina dikuburkeun di Lebak balad-balad Gog
ku tukang ngarali kuburan.

¹⁶(Deukeut eta tempat engkena bakal aya
hiji kota anu ngaranna sarua jeung eta.) Ku
cara kitu eta tanah bakal beresih deui."

¹⁷PANGERAN Nu Maha Agung nimbalan
ka kaula, "Eh anak manusa, calukan ka
dieu sakabeh manuk jeung sasatoan ti
mana-mana, sina ngaharakan kurban anu rek
disuguhkeun ku Kami. Sina pesta gede di
pagunungan Israil, ngaharakan daging jeung
ngarinum getih.

¹⁸Sina ngaharakan bangke-bangke serdadu,
ngarinum getih para gegeden jagat, daging
jeung getih jelema anu bakal pararaeh dijagal
kawas domba jalu, atawa anak domba atawa
embe atawa sapi anu lalintuh.

¹⁹Saupama eta jelema-jelema geus
diparaehan ku Kami saperti sato kurban,
kabeh manuk jeung sasatoan bakal

ngaharakan gemuk saseubeuhna, jeung ngarinum getih nepi ka marabok.

²⁰Kabeh bakal ngariung dina meja Kami, ngaharakan daging kuda jeung daging nu tarumpakna, daging serdadu-serdadu jeung daging jelema-jelema tukang jurit. Kitu timbalan Kami, PANGERAN."

²¹PANGERAN nimbalan, "Bangsa-bangsa teh rek disina narenjo kamulyaan Kami, sina narenjo Kami ngagunakeun kakawasaan ngabuktikeun eta putusan-putusan Kami.

²²Ti semet eta urang Israil bakal nyaraho yen Kami teh PANGERAN Allahna.

²³Bangsa-bangsa rek disina nyarahoeun yen nu matak urang Israil nepi ka dibuang teh ku lantaran dosa-dosana, ngalawan ka Kami. Ku Kami tuluy diantep sina eleh ku musuhna, sina diparaahan di pangperangan.

²⁴Sanggeus ku Kami diganjar satimpal jeung kalakuanana anu kotor jeung jahat, tuluy ku Kami diantep."

²⁵PANGERAN Nu Maha Agung nimbalan, "Tapi ayeuna eta urang Israil turunan Yakub teh ku Kami arek dipikawelas, sina nararanjung deui. Kami rek ngajaga kasucian jenengan Kami.

²⁶Lamun maranehanana geus ngarancik deui di tanahna sorangan kalawan ngahenang- ngahening tur taya anu baris ngancam, tangtu bakal lipur tina cacad-cacadna anu hina dumeh geus ngahianat ka Kami tea.

²⁷ Sangkan Kami bisa nembongkeun ka bangsa-bangsa yen Kami teh suci, eta umat Kami rek dipulangkeun ti saban-saban nagri tempat musuh-musuhna.

²⁸ Geus kitu umat Kami bakal nyaraho yen Kami teh PANGERAN Allahna. Bakal nyaraho kana hal eta, dumeh anu tadina ku Kami dipiceun ka pangbuangan, ayeuna ku Kami dihijkeun deui, dipulangkeun ka tanahna sorangan, tur taya anu tinggaleun saurang-urang acan.

²⁹ Umat Kami Israil baris dieusi ku Roh Kami, moal alundur deui ti Kami. Kitu timbalan Kami, PANGERAN Nu Maha Agung."

40¹ Poe eta tanggal sapuluh, awal taun anu kadua puluh lima ti semet kaula sarerea dibuang, nincak taun kaopat welas ti semet Yerusalem ditaklukkeun, kaula ngarasa aya dina kakawasaan PANGERAN.

² Dina eta titingalan kaula ku Allah dicandak ka tanah Israil, sarta di ditu kaula diteundeun di hiji gunung anu luhur. Kaula ningal anu siga kota, pinuh ku wawangunan.

³ Sanggeus kaula dibawa ka dinya, ningal hiji jelema, awakna herang kawas tambaga, keur nangtung deukeut hiji gapura bari nyekel tali ukuran tina lawon linen jeung tumbakan.

⁴ Anjeunna sasauran ka kaula, "Eh manusa, awaskeun sing tenget anu ku Kami rek ditembongkeun ka maneh, jeung pasang ceuli masing awas. Sabab nu matak maneh dibawa

ka dieu teh ieu maksudna. Sagala rupa anu baris katenjo ku maneh, engke caritakeun ka urang Israil."

⁵ Geus kitu kaula ningal Bait Allah, dibudeur ku kuta. Eta kuta ku jelema teh diukur ku tumbakanana anu panjangna tilu meter. Luhurna kuta tilu meter, kandelna tilu meter.

⁶ Geus kitu jelema teh nyampeurkeun panto gapura anu nyanghareup ka wetan, cat unggah kana hambalanana nepi ka luhur, tuluy ngukur bangbarung lawang ti luar ka jero, aya tilu meter.

⁷ Ti lawang ka ditukeun aya gang, di kenza-katuhueunana aya kamar-kamar jaga sabeulahna tilu-tilu, ukuranana kabeh pasagi, panjang tilu meter rubak tilu meter. Antara kamar jeung kamar heuleutna dua satengah meter. Beh ditueun kamar-kamar jaga aya deui gang panjangna tilu meter, brasna ka hiji rohangana anu nampeu ka Bait Allah.

⁸ (40: 8-9) Eta rohangana diukur, rubak ka jerona opat meter. Eta rohangana teh nampeu pisan ka Bait Allah, tepasna jadi tungtung gang anu ti lawang gapura, sarta tembok jerona sisi ditu kandelna sameter.

⁹ (40: 8)

¹⁰ (Kamar-kamar jaga kenza-katuhueun gang tea ukuranana sarua, kitu deui heuleutanana oge sarua anggangna.)

¹¹ Geus kitu eta jelema teh ngukur lawang gapura (ti tungtung tihang ka tungtung

tihang), legana kabeh tujuh meter. Rubak lolongkrangna wungkul lima meter.

¹²Di hareupeun unggal kamar jaga aya tembokan handap, luhurna lima puluh senti, kandelna lima puluh senti. (Legana kamar-kamar jaga tea masing-masing tilu meter pasagi.)

¹³Ti dinya anu diukur teh anggang ti kamar ka kamar anu paeunteung-eunteung kaheuleutan ku gang tea, ti tembok tukang nu beulah ditu ka tembok tukang nu beulah dieu, aya opat belas meter.

¹⁴Kamar anu dina tungtung gang tea brasna ka hiji buruan, sarta sanggeus diukur legana teh sabelas meter.

¹⁵Ari panjangna gang ti hareup nepi ka kamar anu pangdituna teh dua puluh dalapan meter.

¹⁶Unggal kamar, tembok hareupna make liang leutik, kitu deui tembok gigir beulah jero ti kamar ka kamar, kabeh make liang leutik. Unggal kamar anu nyanghareup kana gang tea tembok jerona diukir, direkakeun tangkal-tangkal korma.

¹⁷Ti dinya kaula ku eta jelema dibawa ka buruan, ngaliwatan panto gapura. Peuntaseun tembok beulah ditu aya kamar-kamar, tilu puluh, make emper anu dibalay ku batu.

¹⁸Emperna muteran buruan luar, anu pernahna leuwih handap ti batan buruan beulah jero.

¹⁹Dina undak anu rada luhur aya lawang, brasna ka buruan jero. Ti lawang dieu ka lawang ditu ku anjeunna diukur, anggangna lima puluh genep meter.

²⁰Geus kitu anjeunna ngukur lawang gapura beulah kaler, anu brasna ka buruan luar.

²¹Kamar-kamar jagana anu tilu-tilu kenza-katuhueun gangna, heuleutna ti kamar ka kamar, kitu deui kamar gedena, ukuranana sarua jeung nu aya di bagian gapura beulah wetan. Panjang gangna kabehna dua puluh lima meter, rubakna dua belas satengah meter.

²²Kamar gedena, jandela-jandela, kitu deui ukiran tangkal-tangkal kormana, sarua jeung anu aya di gapura beulah wetan. Tangga gapurana tujuh umpak, sarta kamar gedena aya di tungtung gang, nyanghareup ka buruan.

²³Peuntaseun buruan anu ti gapura kaler, aya deui hiji lawang anu brasna ka buruan jero, kawas anu di beulah wetan. Ti lawang beulah dieu ka lawang beulah ditu ku anjeunna diukur, anggangna lima puluh meter.

²⁴Ti dinya kaula ku anjeunna dibawa ka beulah kidul. Di dieu ge aya gapura. Ku anjeunna diukur, sarua jeung gapura nu sejen.

²⁵Kamar-kamar sapanjang gangna sarua marake jandela kawas di bagian sejen.

Panjang gangna ti semet lawang gapura dua puluh lima meter, rubakna dua belas satengah meter.

²⁶Tangga gapurana tujuh umpak. Kamar gedena oge nya kitu ayana di tungtung gang, nyanghareup ka buruan. Unggal kamarna anu nyanghareup kana gang, tembokna kabeh diukir direkakeun tangkal-tangkal korma.

²⁷Di dieu ge aya hiji lawang anu brasna ka buruan jero. Ti lawang beulah dieu ka lawang beulah ditu ku anjeunna diukur, anggangna lima puluh meter.

²⁸Geus kitu kaula ku anjeunna dibawa ka buruan jero, asupna ti gapura beulah kidul. Lawangna diukur, sarua legana jeung lawang-lawang anu di beulah luar.

²⁹(40: 29-30) Ukuran kamar-kamar jagana, kamar gedena, kandelna tembok beulah jero, kabeh sarua jeung anu aya di bagian gapura-gapura sejen. Pon kitu unggal kamar di bagian gapura anu ieu oge marake jandela. Panjang gangna kabehna dua puluh lima meter, rubakna dua welas satengah meter.

³⁰(40: 29)

³¹Kamar gedena nyanghareupna ka buruan, sarta tembokan sapanjang gangna dihias ku ukiran anu direkakeun tangkal-tangkal korma. Tangga ieu lawang dalapan umpak.

³²Ti dinya kaula ku anjeunna dibawa ka buruan jero, jalanna ti gapura beulah wetan.

Lawangna diukur, legana sarua jeung lawang gapura nu sejen.

³³Kamar-kamar jagana, kandelna tembok di jero kamar-kamar, kamar gedena, barang diukur teh sarua jeung nu aya di bagian gapura-gapura sejen. Kamar-kamarna marake jandela, kitu deui kamar gedena. Panjang gangna kabeh dua puluh lima meter, rubakna dua belas satengah meter.

³⁴Kamar gedena nyanghareupna ka buruan luar. Tembokan sapanjang gangna dihias ku ukiran anu direkakeun tangkal-tangkal korma. Tangga gapurana dalapan umpak.

³⁵Geus kitu kaula dibawa ka gapura beulah kaler. Lawangna ku anjeunna diukur, sarua jeung lawang gapura sejenna.

³⁶Kawas di bagian sejen bae, di dieu ge aya kamar-kamar jaga, tembok di jero kamar-kamarna dihias ku ukiran, aya kamar gede, sarta kamar-kamarna dijandelaan. Panjang gangna dua puluh lima meter, rubakna dua belas satengah meter.

³⁷Kamar gedena nyanghareupna ka buruan luar. Tembok sapanjang gangna dihias ku ukiran anu direkakeun tangkal-tangkal korma. Tangga gapurana dalapan umpak.

³⁸Buruan teh aya sosompangna, anu nyambung kana lawang kaler, brasna ka hiji rohangsan gede anu nyanghareup ka buruan. Di dinya aya anu keur ngarumbah

sato-sato beunang meuncitan, pikeun kurban beuleuman.

³⁹Di eta kamar aya opat meja, dua di sisi kenca, dua di sisi katuhu, paranti meuncit sato-sato pikeun kurban beuleuman, pikeun kurban panebus dosa, jeung pikeun kurban panebus kasalahan.

⁴⁰Di luareun rohangsan aya opat meja deui anu kawas eta, dua di kencaeun lawang, dua deui di katuhueunana.

⁴¹Jadi aya dalapan meja paranti meuncit sato kurban, opat di jero, opat di luar deukeut ka buruan.

⁴²Opat meja anu di luar, eta paranti nyadiakeun kurban beuleuman, dijieunna tina batu beulahan, jangkungna satengah meter, daun mejana pasagi, panjangna tujuh puluh lima senti, rubakna oge sakitu. Parabot paranti meuncit diteundeunna dina eta meja anu opat.

⁴³Dina biwir mejana sakurilingna aya cacantol-cacantol anu rubakna masing-masing tujuh puluh lima milimeter. Daging pikeun kurban digundukkeunana dina meja-meja anu eta.

⁴⁴Ti dinya kaula dibawa ka buruan jero. Di dinya, di buruan jero, aya dua rohangsan anu muka, hiji gigireun lawang beulah kaler nyanghareup ka kidul, hiji deui gigireun lawang beulah kidul nyanghareup ka kaler.

⁴⁵ Jalma anu mawa kaula tea nyaurkeun, yen rohangan anu nyanghareup ka kidul paranti para imam anu papancenna ngabakti di Bait Allah,

⁴⁶ rohangan anu nyanghareup ka kaler paranti para imam anu ngalalayanan altar. Imam-imamna kabeh turunan Sadok. Ngan maranehna bae jalma-jalma ti kaom Lewi anu meunang ngadeuheus pikeun ngabakti ka PANGERAN teh.

⁴⁷ Jelema teh tuluy ngukur buruan jero anu bangunna pasagi, unggal sisina lima puluh meter. Ari Bait Allah ayana di beulah kulon, sarta di hareupeunana aya altar.

⁴⁸ Kaula ku anjeunna dibawa ka lawang anu brasna ka rohangan Bait Allah. Lawangna ku anjeunna diukur, legana tujuh meter, rubakna ka jerona dua satengah meter, tembokna kenza-katuhuna kandelna masing-masing satengah meter.

⁴⁹ Lawang ka rohangan teh make tangga umpak, ari rohangana rubak hareupna sapuluh meter, rubak ka beulah jerona genep meter. Kenza-katuhueun lawangna make pilar.

41 ¹Sanggeus kitu kaula dibawa asup ka kamar pangtengahna, nya eta Kamar Suci. Gang anu brasna ka eta kamar ku anjeunna diukur, panjang ka jerona tilu meter,

²rubakna lima meter, tembok kencakatuhuna kandelna masing-masing dua satengah meter. Ti dinya kamarna diukur, panjangna dua puluh meter, rubakna sapuluh meter.

³Ti dinya anjeunna nyampeurkeun kamar anu pangjerona, gang anu brasna ka dinya diukur, panjangna ka jerona sameter, rubakna tilu meter, tembok kencakatuhuna kandelna tilu satengah meter.

⁴Ti dinya anjeunna ngukur kamarna, legana sapuluh meter pasagi. Ieu kamar ayana beulah ditueun kamar pangtengahna. Geus kitu anjeunna sasauran ka kaula, "Ieu teh Kamar Pangscina."

⁵Geus kitu anjeunna ngukur tembok gedong ti jero, kandelna tilu meter. Dina tembok sakurilingna aya kamar-kamar laleutik, rubakna dua meter dua meter.

⁶Aya tilu umpak, saumpakna tilu puluh kamar. Unggal umpak anu beh luhur, kamarkamarna rada ngelok ti bagian anu dina umpankan handapeunana, jadi kamar-kamar teh najan henteu diangker oge cicingna weweg. Ari biwir tembok beulah luarna beuki ka luhur beuki ipis,

⁷tapi ti luar mah ti handap nepi ka luhur katembongna sarua kandelna. Aya tanggana dua dina tembok luarna, lega, paranti unggah kana umpak panengah jeung umpak pangluhurna.

⁸(41:8-11) Tembok kamar-kamar teh beulah luarna kandelna dua satengah meter. Pikeun asup ka kamar-kamar sisi kaler aya pantona hiji, kitu keneh pikeun asup ka kamar-kamar beulah kidulna. Sakuriling gedong make emper rubakna dua satengah meter, luhurna tina taneuh tilu meter, sarua luhurna jeung dasar kamar-kamar anu dina tembok gedong. Ti emper nepi kana adegan gedong sakurilingna, ngoblogna sapuluh meter.

⁹(41:8)

¹⁰(41:8)

¹¹(41:8)

¹²Di tungtung kulon bagian anu ngoblog tea aya adegan, panjangna opat puluh lima meter, rubakna tilu puluh lima meter, kandel tembokna sakurilingna dua satengah meter.

¹³Ti dinya anjeunna ngukur gedong, panjangna lima puluh meter. Ti pongpok tukang nepi ka adegan kuloneunana, ngoblogna lima puluh meter.

¹⁴Bagian anu ngoblog di beulah hareup oge lima puluh meter.

¹⁵Geus kitu ngukur adegan anu di kulon tea jeung bagian anu ngoblogna kenca-katuhu, lima puluh meter. Kamar hareup, Kamar Suci, jeung Kamar Pangscina,

¹⁶kabeh dilapis ku papan, mimiti ti semet lante nepi ka luhureun jandela-jandela, jadi jandela-jandelana kaalingan.

¹⁷ Sakuriling tembok kamar, ti handap nepi ka luhur semet tarang-tarang panto, pinuh ku ukir-ukiran.

¹⁸ Anu direkakeun tangkal korma jeung sato-sato anu jangjangan, diselang-selang. Ukiran sato-sato anu jangjangan tea beungeutna dua-dua.

¹⁹ Nu hiji beungeut jelema, malikna kana ukiran tangkal korma nu beulah dieu, anu hiji deui beungeut singa, malikna kana ukiran tangkal korma nu sabeulah deui. Kitu kabeh diukirna sakuriling tembok kamar teh,

²⁰ tina lante nepi ka semet tarang-tarang panto.

²¹ Ari tihang-tihang panto Kamar Suci tea bangunna pasagi. Hareupeun lawang Kamar Pangscina aya anu siga

²² altar kai, jangkungna hiji satengah meter, rubakna sameter. Tihang-tihang juruna, dasarna jeung pinggir-pinggirna kabeh tina kayu. Jelema tea ngalahir ka kaula, "Ieu teh meja anu ayana di payuneun PANGERAN."

²³ Di tungtung jalan anu brasna ka Kamar Suci, kitu keneh anu brasna ka Kamar Pangscina, masing-masing make panto.

²⁴ Pantona dua daun, dibukana ti tengah.

²⁵ Panto Kamar Suci dihias ku ukiran tangkal korma jeung sato anu jangjangan, kawas dina tembokanana. Di hareupeun pantona aya golodog kai.

²⁶Gigireun pantona kenga-katuhu aya jandelaan, sarta tembokanana dihias ku ukiran tangkal korma.

42 ¹Geus kitu kaula dibawa ka buruan luar, tuluy dibawa asup ka hiji adegan kalereun gedong Bait Allah, teu jauh tina adegan anu aya di tungtung kulon.

²Eta adegan panjangna lima puluh meter, rubakna dua puluh lima meter.

³Anu sabeulah nyanghareup ka Bait Allah, kaselang ku nu ngoblog rubakna sapuluh meter. Anu sabeulah deui nyanghareup ka emper buruan luar. Adeganana tilu umpak. Umpak-umpak anu beh iuhur leuwih ngelok ti batan anu aya di handapeunana.

⁴Di sapanjang sisi kalerna make lolongkrang rubakna lima meter, panjangna lima puluh meter, di gigirna make lawang.

⁵Kamar-kamar dina umpak pangluhurna leuwih heureut ti batan kamar-kamar anu dina umpak panengah jeung umpak panghandapna, lantaran ngelok.

⁶Kamar-kamarna tilu umpananana ayana dina petakan-petakan, jeung henteu make tihang-tihang saperti anu aya dina adegan-adegan di buruan.

⁷(42: 7-8) Tembok luar umpak panghandapna, anu dua puluh lima meter atawa satengah tina panjangna, dipadetkeun. Anu satengahna deui, dua puluh lima meter, dipake kamar-kamar. Ari umpak

anu pangluhurna, sapanjangna kabeh dipake kamar-kamar.

⁸(42: 7)

⁹(42: 9-10) Handapeun dua kamar tungtung wetan, dina puhu tembokanana aya lawang ka buruan. Kiduleun Bait Allah aya deui adegan, bangunna sarua jeung anu di kaler, teu jauh ti adegan anu di kuloneun Bait Allah.

¹⁰(42: 9)

¹¹ Di hareupeun kamar-kamarna aya jalan saperti anu di tungtung kaler. Ukuranana, papaesna kitu deui lawang-lawangna, sarua jeung anu di kaler.

¹² Handapeun kamar-kamar tungtung kidul, dina puhu tembokan sisi wetan, aya panto.

¹³ Jelema tea sasauran ka kaula, "Ieu adegan duanana suci, paranti imam-imam anu baku marek ka PANGERAN ngadalahar kurban pangsucina. Luyu jeung kasucionana, eta kamar-kamar ku para imam dipake nyimpen kurban-kurban suci, nya eta kurban kadaharan, kurban panebus dosa, jeung kurban panebus kasalahan.

¹⁴ Imam-imam anu tas ti jero Bait Allah, lamun arek kaluar ka buruan, kudu salin heula, pakean sucina paranti ngadeuheus ka PANGERAN kudu disimpen di kamar-kamar ieu, kakara meunang kaluar nepungan jalma rea."

¹⁵ Sabada anjeunna ngukur Bait Allah ti jero, kaula dibawa ka luar, jalanna ka lawang

wetan. Prak anjeunna ngukur kuring Bait Allah.

¹⁶Sisi wetan diukur ku tumbakan, aya dua ratus lima puluh meter.

¹⁷(42:17-19) Geus kitu ngukur sisi kaler, sisi kidul, jeung sisi kulon, ukuranana sarua masing-masing dua ratus lima puluh meter,

¹⁸(42:17)

¹⁹(42:17)

²⁰jadi mangrupa petak pasagi, dikuriling ku pager tembok panjangna tiap sisi dua ratus lima puluh meter. Eta pager tembok teh pager pamisah, anu misahkeun anu suci ti nu henteu suci.

43¹Ti dinya kaula ku anjeunna dibawa ka gapura anu nyanghareup ka wetan.

²Bray ti beulah wetan aya cahaya nyampeurkeun, cahaya kamulyaan Allah Israil. Genta Mantenna kadenge sada gumuruh laut, sarta bumi mani hibar kacaangan.

³Ieu titingalan sarua kawas anu bareto katingal waktu Allah ngagempur Yerusalem, jeung anu katingal di Walungan Kebar tea. Bruk kaula nyuuh kana taneuh.

⁴Eta cahaya terus asup ka jero Bait Allah, asupna ti lawang gapura wetan.

⁵Kaula ku Roh PANGERAN diangkat, dicandak ka buruan jero. Katingal Bait Allah teh hibar ku cahaya kamulyaan PANGERAN.

⁶Ari jelema tea nangtung gigireun kaula. Tuluy aya gentra PANGERAN ngandika ka kaula ti jero Bait Allah:

⁷"Eh manusa, ieu teh tahta Kami. Di dieu Kami pilinggiheun di urang Israil, seja ngereh ka maranehna salalanggengna. Urang Israil, boh jalma rea boh raja-rajana, teu meunang nganajiskeun deui jenengan Kami anu suci, ngabarakti ka brahala, atawa ieu tempat dijieun makam raja-rajana.

⁸Bareto karaton raja-raja teh nampeu pisan ka dieu, golodog jeung tihang-tihang pantona pahareup-hareup pisan jeung golodog jeung tihang-tihang panto Bait Kami, ngan kahalangan ku tembok salapis. Kalakuan maranehna anu doraka teh nganajiskeun jenengan Kami anu suci. Nu matak maranehna ku Kami dibasmi, sabab Kami geus teu kawawa ku bendu.

⁹Nu matak ayeuna mah maranehna teu meunang ngabarakti deui ka allah-allah sejen, sarta mayit raja-rajana kudu dipindahkeun ti dieu. Lamun kitu, kakara Kami kersa linggih di maranehna salalanggengna."

¹⁰PANGERAN ngandika deui, "Eh manusa, caritakeun ku maneh kaayaan ieu Bait Kami ka urang Israil, pasang petana sina dilalenyepan, sina areraeun ku kalakuanana anu sakitu dorakana.

¹¹Upama maranehna geus areraeun ku kalakuanana anu garoreng, ku maneh

terangkeun pasang peta ieu Bait: modelna, lawang-lawang asupna, lawang-lawang kaluarna, bangunna, undak usuk babagian-babagianana, kitu deui hal papagon jeung aturan-aturanana. Catetkeun ku maneh kabeh, sangkan maranehna nyarahoeun sagala unak-anikna, jeung supaya sakabeh aturanana diarestokeun.

¹²Sipat ieu Bait Kami kieu: Sakuliah wewengkon anu aya di puncak gunung, sakurilingna suci, karamat."

¹³Ieu ukuran-ukuran altar, sarta parobot ngukurna sarua jeung nu dipake ngukur Bait Allah. Sakurilingeun dasar altar aya kamalir, jerona satengah meter, rubakna saparapat meter. Paminggir kamalirna diluhurkeun dua puluh lima senti.

¹⁴Ukuran altarna: Panghandapna, ti semet dadampar pangluhurna jangkungna sameter. Bagian tengah nepi ka semet palipid sakurilingna anu kandelna lima puluh senti, jangkungna dua meter. Bagian luhur, nepi ka semet palipid anu kandelna lima puluh senti,

¹⁵jangkungna sarua dua meter, nya eta puncakna, anu gunana paranti meuleum kurban-kurban. Tatandukanana di opat pojokna naronjol ngaluhuran puncak altarna.

¹⁶Bangun puncakna pasagi, unggal sisi rubakna genep meter.

¹⁷Bagian tengah oge pasagi, unggal sisi rubakna tujuh meter, kandel palipidna dua

puluh lima senti. (Ari rubak kamalirna lima puluh senti). Pongpok altar sisi wetan diberean sesengked paranti mancat kana puncakna.

¹⁸PANGERAN Nu Maha Agung nimbalan ka kaula, "Eh anak manusa, regepkeun ieu anu ku Kami rek diandikakeun. Lamun altar geus anggeus dijieg, ku maneh kudu ditahbiskeun, dipake meuleum kurban jeung dikepretan ku getih kurban.

¹⁹Ari anu meunang marek ngalalayanan Kami, ngan imam-imam asal kaom Lewi turunan Sadok. Kitu pamundut Kami, PANGERAN Nu Maha Agung. Maranehna bere sapi jalu hiji, sina dijieg kurban panebus dosa.

²⁰Getihna sawareh ku maneh kudu diulaskeun kana opat tatandukan dina juru altar, kana juru badan altar bagian tengah, jeung kana palipidna sakurilingna.

²¹Maneh kudu nyokot sapi jalu anu rek dikurbankeun pikeun mupus dosa, beuleum di tempat parantina di luareun lingkungan Bait Kami.

²²Poe isukna maneh kudu meuncit embe jalu hiji, anu taya cacadna, jieun kurban panebus dosa. Getihna sawareh pake nyucikeun altar saperti ku getih sapi tea.

²³Sabada eta maneh kudu meuncit hiji sapi jalu ngora, jeung hiji domba jalu ngora, duanana ulah aya cacadna,

²⁴ terus bawa ka Kami. Memeh dikurbankeun ka Kami, kudu dipurulukan uyah heula ku imam.

²⁵ Mayeng tujuh poe, unggal poe maneh kudu ngurbankeun hiji sapi, hiji embe, jeung hiji domba, pikeun nebus dosa. Satona ulah cacad naon-naon.

²⁶ Jadi eta altar teh ditahbiskeun ku imam-imam di jero tujuh poe, supaya bisa digunakeun saterusna.

²⁷ Sanggeus tutup tujuh poe, imam-imam kudu ngamimitian ngurban dina eta altar, kurban beuleuman jeung kurban panarima, mangurbankeun jalma rea. Sanggeus kitu tan wande maraneh dimanah ku Kami. Kitu timbalan Kami, PANGERAN Nu Maha Agung."

44 ¹ Geus kitu kaula ku jelema tea dibawa ka lawang luar, ka gapura gedong sisi wetan. Eta gapura nutup.

² PANGERAN nimbalan ka kaula, "Ieu gapura kudu nutup sapapanjangna, teu meunang dibuka. Pacuan digunakeun ku manusa, sabab ieu gapura geus dipake liliwatan ku Kami, PANGERAN, Allahna Israil. Nu matak sapapanjangna kudu nutup.

³ Parandene, ari raja mah meunang datang ka payuneun Kami baris dahar jamuan suci, asupna kudu ti lawang anu aya di tungtung rohangsan gede, kaluarna oge kudu ti dinya."

⁴ Ti dinya kaula ku eta jelema dibawa ka hareupeun Bait Allah, jalanna ti gapura

beulah kaler. Ari breh, Bait Allah teh mani hibar ku cahaya kamulyaan PANGERAN. Bruk kaula nyuuuh kana taneuh.

⁵PANGERAN ngandika ka kaula, "Eh anak manusa, tengetkeun saniskara anu bakal katenjo jeung kadenge ku maneh. Kami rek nerangkeun aturan jeung katangtuan ieu Bait Kami. Catet sajeroning ati, jalma kumaha anu meunang kaluar asup ka ieu Bait, sarta nu kumaha nu henteu meunang.

⁶Bejakeun ka urang Israil anu marantangul, yen Kami, PANGERAN Nu Maha Agung moal ngantep kalakuan maranehna anu sakitu pikagirukeunana.

⁷Maranehna geus ngotoran Bait Kami, ngidinan jalma-jalma bangsa asing anu teu disunat, anu ngestona lain ka Kami, sina arasup ka jero ieu Bait waktu Kami keur dihaturanan gajih jeung getih sato kurban. Umat Kami geus ngaruksak perjangjian Kami ku kalakuan-kalakuan anu pikagirukeun.

⁸Ti batan ngajaga kasucion Bait Kami, papancenna anggur diserenkeun ka jalma-jalma bangsa asing.

⁹Kami, PANGERAN Nu Maha Agung, ngalarang urang asing anu henteu disunat, anu ngestona lain ka Kami, najan hirupna geus reureujeungan jeung urang Israil oge teu meunang aya anu asup ka Bait Kami."

¹⁰PANGERAN nimbalan ka kaula, "Kami rek ngahukum urang Lewi, anu naringgalkeun

Kami saperti urang Israil sezenna, sarta ngabarakti ka brahala.

¹¹ Tapi meunang keneh ngaladenan Kami di ieu Bait, nya eta ngajaga lawang-lawang jeung babantu di jero Bait. Meunang keneh meuncit sato-sato kurban pangbakti ti jalma rea pikeun kurban beuleuman jeung kurban peuncitan, pon kitu meunang keneh ngalaladenan jalma rea.

¹² Ngan ku sabab geus ngaluluguan urang Israil nyarembah ka brahala, ngagugulukeun jalma rea migawe dosa, Kami, PANGERAN Nu Maha Agung, sumpah baris ngahukum.

¹³ Maranehna teu meunang marek ka Kami, teu meunang ngimaman, teu meunang deukeut ka barang-barang Kami anu suci, teu meunang asup ka Kamar Pangscina. Kitu hukumanana tina kalakuanana anu pikagirukeun.

¹⁴ Pagawean-pagawean di ieu Bait anu ku Kami diajangkeun keur maranehanana ngan bangsa pagawean kasar wungkul."

¹⁵ PANGERAN Nu Maha Agung nimbalan, "Imam-imam ti kaom Lewi turunan Sadok, eta mah saratia kumawulana ka Kami di Bait Kami, teu naringgalkeun Kami saperti urang Israil sezenna. Nu matak ngan maranehna anu meunang ngawulaan Kami, meunang ngadeuheus ngahaturkeun gajih jeung getih kurban ka Kami.

¹⁶ Ngan maranehna anu meunang asup ka jero Bait Kami, laladen dina altar Kami, jeung mingpin upacara ngabakti.

¹⁷ Satiap rek arasup ka lawang buruan ieu Bait beulah jero, maranehna kudu marake pakean lawon bodas. Ngajalankeun papancen di buruan jero atawa di jero Bait Allah teu meunang make pakean tina wol,

¹⁸ supaya teu kesangan. Dastar jeung calana oge kudu lawon linen, jeung teu meunang make sabuk.

¹⁹ Sanggeusna, memeh nepungan jalma rea di buruan luar, eta papakean paragi digawe di jero Bait teh kudu dibuka heula, kudu disimpen di Kamar Suci, tuluy disalin ku pakean sejen, supaya kasucian pakean suci tea teu nepi ka ngabahlakeun ka jalma rea.

²⁰ Imam teu meunang ngagundulan sirah, tapi teu meunang miara buuk panjang. Buuk kudu digunting sing meujeuhna.

²¹ Mun rek asup ka buruan jero teu meunang nginum anggur.

²² Imam teu meunang kawin ka awewe popotongan batur, kawin teh kudu ka parawan bangsa Israil, atawa lamun ka randa kudu randa imam.

²³ Imam kudu ngawuruk ka umat Kami, ngajarkeun bedana nu suci jeung nu nista, nu haram jeung nu halal.

²⁴ Kudu ngabeberes jeung mutus perkara, sarta mutusna kudu nurutkeun hukum Kami.

Maranehna kudu ngestokeun pesta-pesta kaagamaan nurutkeun aturan jeung papagon Kami, jeung kudu nyucikeun poe Sabat.

25 Imam teu meunang nyabak mayit supaya teu jadi najis, kajaba lamun mayit kolotna, mayit anakna, mayit dulurna anu lalaki, atawa mayit dulurna anu awewe anu tacan kawin.

26 Lamun tas kitu, ti sanggeus dirina beresih deui kudu nunggu heula tujuh poe,

27 tuluy kudu ka buruan jero Bait, kudu nyanggakeun kurban pikeun nyucikeun dirina, sangkan meunang ngajalankeun deui kawajibana di Bait Kami. Kitu timbalan Kami, PANGERAN Nu Maha Agung.

28 Kaboga imam tina sagala rupa kurnia ti Kami ka urang Israil turun-tumurun, nya eta kaimamanana. Imam teu meunang boga tanah, sabab kaboga maranehna mah Kami pribadi.

29 Dahareun maranehna nya eta kurban kadaharan, kurban panebus dosa, kurban panebus kasalahan jeung salian ti eta anu ku urang Israil dibaktikeun ka Kami.

30 Hasil panen anu dipetik pangheulana jeung anu pangalusna, kitu deui sagala rupa anu dihaturkeun ka Kami, pikeun imam. Lamun jalma-jalma nyieun roti, roti anu asakna ti heula pikeun imam, sangkan rumah tangga jalma-jalma teh kacicingan ku berkah Kami.

³¹ Imam teu meunang dahar daging manuk atawa sato anu paeh bangkar atawa paeh ku sato deui."

45¹ Dina waktu tanah geus dibagikeun ka unggal kaom, kudu aya bagian anu dibaktikeun ka PANGERAN, panjangna dua welas satengah kilometer, rubakna sapuluh kilometer, anu baris jadi suci sakuliahna.

² Di dinya kudu nyieun petak pasagi pikeun Bait Allah, panjang dua ratus lima puluh meter, rubakna dua ratus lima puluh meter, sarta sakurilingna kudu make rarambu rubakna dua puluh lima meter.

³ Satengahna, panjang dua welas satengah kilometer, rubak lima kilometer, pikeun wewengkon Bait Allah, bagian pangscina ti sakabeh,

⁴ jadi tanah suci pikeun para imam anu diabdiikeun ka PANGERAN di Bait Allah. Bagian anu eta pikeun imah para imam jeung jadi tanah Bait Allah.

⁵ Anu satengahna deui pikeun pakampungan jalma-jalma urang Lewi anu digarawe di Bait Allah.

⁶ Parerendeng jeung wewengkon suci, kudu aya bagian sejen anu panjangna dua welas satengah kilometer rubakna dua satengah kilometer, pikeun kota pamukiman urang Israil lianna.

⁷ Jeung kudu aya tanah pikeun pangereh nu keur marentah. Watesna ti sisi wewengkon

suci beulah kulon terus ngulon nepi ka basisir Laut Tengah, ti beulah wetan terus ngetan nepi ka semet tapel wates nagri beulah wetan. Jadi panjangna sarua jeung panjang bagian-bagian anu dilotrekeun ka kaom-kaom Israil.

⁸Sakitu legana tanah bagian pangereh nu keur marentah di tanah Israil, supaya eta pangereh ulah nepi ka meres deui ka rahayat, supaya ulah ngaganggu tanah anu geus dibikeun ka kaom-kaom Israil.

⁹PANGERAN Nu Maha Agung nimbalan, "Geus lila teuing maraneh migawe dosa, eh para pangereh Israil! Geura eureun tina telenges jeung ngagencet. Lampahkeun nu bener jeung adil. Ulah ngusiran deui umat Kami ti tanah milikna. Gumatikeun ieu pangandika Kami, PANGERAN Nu Maha Agung.

¹⁰Unggal jalma, lamun nimbang jeung naker kudu jujur. Timbangan jeung takeran anu mulus nya eta:

¹¹(45:11-12) Epa takeran bahan kering sarua jeung bat takeran bahan encer. Patokanana nya eta homer. Jadi takeran-takeranana kudu kieu: 1 homer = 10 epa = 10 bat. 20 gera = 1 sekel. 60 sekel = 1 mina.

¹²(45:11)

¹³(45:13-15) Ari patokan pikeun ngahaturkeun pangbakti kieu: Gandum: 1/60 tina hasil panen. Tarigu: 1/60 tina

hasil panen. Minyak jetun: 1/100 tina hasil tangkal. (Nakerna kudu make bat; 10 bat = 1 homer = 1 kor.) Domba: hiji tina dua ratus. Jalma-jalma kudu nyanggakeun kurban kadaharan, sato pikeun kurban beuleuman jeung pikeun kurban panarima, supaya dosa-dosana meunang hampura. Kitu parentah Kami, PANGERAN Nu Maha Agung.

¹⁴ (45: 13)

¹⁵ (45: 13)

¹⁶ Sakabeh pangeusi tanah kudu nyanggakeun pangbakti kitu ka anu jadi pangereh di Israil.

¹⁷ Sabab saban Pesta Bulan Anyar, saban poe Sabat jeung pesta-pesta salian ti eta, pangereh kudu nyadiakeun pikurbanneun: kurban beuleuman, kurban kadaharan, jeung kurban inuman, pikeun sakumna bangsa Israil. Pangereh kudu nyadiakeun kurban panebus dosa, kurban kadaharan, kurban beuleuman, jeung kurban panarima, pikeun nebus dosa bangsa Israil sakumna."

¹⁸ PANGERAN Nu Maha Agung nimbalan, "Dina tanggal hiji bulan kahiji, maneh kudu ngurbankeun hiji sapi jalu anu taya cacadna, pikeun nyucikeun Bait Kami.

¹⁹ Getih eta sato kurban panebus dosa sawareh ku imam kudu diulaskeun kana tihang-tihang panto Bait, kana opat juru altar, jeung kana tihang-tihang gapura paranti ka buruan jero.

²⁰Dina tanggal tujuhna oge kudu kitu, pikeun jalma-jalma anu nyieun kasalahan teu kahaja atawa ku tina kabodoanana. Ku jalan kitu maneh teh ngagumatikeun kana kasucion Bait Kami.

²¹Dina tanggal opat welasna kudu ngamimitian nekanan Paska. Tujuh poe lilana jalma-jalma kudu dalahar roti teu diragian.

²²Dina poean mimiti pesta, pangereh kudu ngurbankeun hiji sapi jalu pikeun nebus dosana jeung dosa rahayat sakumna.

²³Di jero tujuh poe, unggal poe pangereh kudu ngurban ka PANGERAN, ngurbankeun tujuh sapi jalu jeung tujuh domba jalu, kabeh ulah aya cacadna, dijieun kurban beuleuman. Jaba ti eta, unggal poe kudu ngurbankeun hiji embe jalu, jieun kurban panebus dosa.

²⁴Saban sapi hiji, kitu deui saban domba hiji, dikurbankeunana kudu jeung gandum tujuh belas satengah liter, jeung minyak jetun tilu liter.

²⁵Ari dina Pesta Saung Daun, anu dimimitian dina tanggal lima welas bulan katujuh, saban poe noron tujuh poe, pangereh kudu ngayakeun kurban-kurban anu saperti kitu keneh, nya eta kurban panebus dosa, kurban beuleuman, pon kitu deui kurban gandum jeung minyak jetun."

46¹PANGERAN Nu Maha Agung nimbalan, "Gapura wetan paranti ka buruan jero, salila genep poe digawe kudu ngonci, ari

saban poe Sabat jeung saban Pesta Bulan Anyar kudu dibuka.

²Sabab pangereh kudu asup ka rohangan gede ti buruan luar make eta lawang, tuluy kudu nangtung palebah tihang eta gapura, sabot kurban panarima jeung kurban beuleuman dijalankeun ku imam. Pangereh kudu ngabakti di dinya, tuluy kudu kaluar deui. Eta gapura nepi ka burit teu meunang meundeut.

³Unggal poe Sabat, kitu deui unggal Pesta Bulan Anyar, jalma rea kudu sarujud hareupeun eta gapura, ngabarakti.

⁴Unggal poe Sabat, pangereh ka PANGERAN kudu nyanggakeun genep anak domba jeung hiji domba jalu anu taya cacadna, pikeun kurban beuleuman.

⁵Unggal ngurbankeun hiji domba kudu ditambah ku kurban gandum tujuh belas satengah liter. Ari kurban anak domba mah tambahna meunang ku naon bae. Unggal kurban kadaharan kudu ditambah ku minyak jetun tilu liter.

⁶Dina poe Pesta Bulan Anyar, raja kudu ngurbankeun sapi jalu hiji, anak domba genep, kabeh ulah aya cacadna.

⁷Boh kurban sapi boh kurban domba, masing-masing sahijina kudu ditambah ku gandum tujuh belas satengah liter. Ari kurban anak domba, sahijina meunang ditambah ku naon bae niatna pangereh. Unggal kurban

kadaharan kudu ditambah ku minyak jetun
tilu liter.

⁸Pangereh kaluarna ti rohangan gede kudu
ka lawang gapura urut asupna.

⁹Dina poe pesta naon bae, sanggeus
jalma-jalma rengse ngabarakti ka PANGERAN,
anu arasup ti lawang kaler kalaluarna kudu
ka lawang kidul; anu arasupna ti lawang
kidul kalaluarna kudu ka lawang kaler. Teu
meunang aya nu kaluar ti lawang urutna
asup, kudu make lawang anu peuntaseunana.

¹⁰Pangereh asupna kudu bareng jeung
jalma rea, kitu deui kaluarna.

¹¹Dina poe-poe peringatan jeung poe-poe
pesta, tiap kurban sapi atawa domba,
masing-masing sahijina kudu ditambah
ku kurban kadaharan, tipung tujuh belas
satengah liter. Ari pikeun tiap anak domba
tambahan naon ge meunang. Unggal kurban
kadaharan kudu ditambahan ku minyak jetun
tilu liter.

¹²Upama pangereh boga niat ngurban suka
rela ka PANGERAN, boh kurban beuleuman,
boh kurban panarima, kudu dipangmukakeun
panto gapura wetan paranti ka buruan jero.
Kurbanna kudu dipetakeun sakumaha kurban
dina poe Sabat. Lamun pangereh geus kaluar,
panto gapurana kudu ditutup deui."

¹³PANGERAN nimbalan, "Unggal isuk ka
PANGERAN kudu ngurbankeun anak domba
hiji anu umur sataun anu taya cacadna,

dijieun kurban beuleuman. Ieu kudu unggal poe.

¹⁴ Jaba ti eta unggal isuk kudu ngurbankeun tipung dua kilo jeung minyak jetun saliter pikeun ngadonanana. Kamistian nyanggakeun kurban kitu ka PANGERAN wajib salawasna,

¹⁵ nya eta saban isuk ka PANGERAN kudu ngurbankeun anak domba, tipung, jeung minyak jetun. Kudu kitu salawasna."

¹⁶ PANGERAN Nu Maha Agung nimbalan, "Upama pangereh ngawariskeun sabagian tanahna ka salah sahiji anakna anu lalaki, eta tanah jadi pusaka anakna, jadi tanah milik kulawargana.

¹⁷ Tapi upama merena tanah teh ka salah sahiji ponggawana, tanahna bakal pulang deui dina Taun Pamulihan, jadi deui milikna, manehna jeung anak-anakna anu hak ngamilik salalawasna.

¹⁸ Pangereh teu meunang nyokot tanah milik rahayat. Mun rek ngawariskeun tanah ka anak-anakna, kudu tanah milikna sorangan, ulah ngarampas tanah milik umat Kami."

¹⁹ Sanggeus kitu kaula ku jelema tea dibawa ka lawang kamar-kamar anu nyanghareup ka kaler, deukeut lawang buruan jero sisi kidul, nya eta kamar-kamar suci paranti para imam. Anjeunna nuduhkeun hiji tempat kuloneun eta kamar-kamar,

²⁰ sarta sasauran kieu, "Eta tempat paranti imam-imam ngulub daging kurban panebus

dosa jeung kurban panebus kasalahan, jeung paranti manggang kurban kadaharan, sabab bahan suci teu meunang aya anu kabawa ka buruan luar, bisi ngabahlakeun ka jalma rea."

²¹ (46: 21-22) Ti dinya kaula dibawa bijil ka buruan luar. Anjeunna nuduhkeun opat pojok buruan. Sihoreng di unggal pojokna teh aya deui buruan, masing-masing panjangna dua puluh meter rubakna lima belas meter.

²² (46: 21)

²³ Unggal buruan dikuriling ku tembok batu anu sakurilingna aya hawuan.

²⁴ Anjeunna sasauran, "Eta teh dapur, paranti badega-badega Bait Allah ngarulub daging kurban ti jalma rea."

47 ¹Kaula dibawa deui ka panto Bait Allah. Geuning ti handapeun bangbarung teh aya cai ngocor ngetan, ka lebah nyanghareupna Bait Allah. Caina turun, bijilna ti handapeun Bait Allah sisi kidul, ngaliwatan altar sisi kidul.

²Ti dinya kaula dibawa kaluar ti petakan gedong, liwat gapura kaler terus nguriling nepi ka lawang anu nyanghareup ka wetan. Di lebah gapurana cai nu tadi teh jadi walungan leutik.

³Ku anjeunna diukur ku tumbakanana, lima ratus meter ka hilir ka beulah wetan, seug kaula dipiwarang ngaraas ka dinya. Caina ngan semet mumuncangan.

⁴Anjeunna ngukur deui lima ratus meter ka hilir, caina semet tuur. Seug ngukur deui lima ratus meter ka hilireunana, caina semet cangkeng.

⁵Ngukur deui lima ratus meter ka hilir, caina beuki jero teu bisa diraas, jero teuing, kudu ngojay.

⁶Anjeunna ngalahir, "Eh anak manusia, ieu kabeh ingetkeun." Geus kitu kaula diajak ka sisi deui.

⁷Sanggeus aya di sisi, katenjo yen sapanjang sisina teh kenca katuhu pinuh ku tatangkalan.

⁸Saurna deui, "Ieu walungan ngocorna nerus ieu wewengkon ka wetan terus ka Lebak Yordan, ngamuarana ka Laut Paeh, tur bakal ngarobah cai Laut Paeh anu asin jadi tawar.

⁹Ka mana bae ngocorna ieu walungan tan wande loba sasatoan rupa-rupa kitu deui lauk, sarta bakal ngalantarankeun cai Laut Paeh jadi tawar, sarta ka mana bae ngocorna bakal mawa hirup-hurip.

¹⁰Ti Sumber cai di En Gedi nepi ka Sumber cai di En Eglaim, sapapanjang ieu walungan bakal loba tukang ngala lauk, sarta maroe heurapna di sisina. Sagala rupa lauk aya di dinya saperti di Laut Tengah.

¹¹Tapi rawa-rawa jeung ranca-ranca sapanjang basisir mah caina tetep asin moal robah.

¹² Sapanjang sisi ieu walungan kenca-katuhu bakal pinuh ku rupa-rupa tangkal bubuahan anu ngareunah, daunna moal aya alumna, buahanana moal aya eureunna. Unggal bulan baruahan anyar, kawantu nyeuseup cai anu asalna ngocor ti Bait Allah. Buahna ngeunah didahar, daunna bisa dipake nyageurkeun anu garering."

¹³ (47:13-14) PANGERAN Nu Maha Agung nimbalan, "Kami baheula geus ikrar kalawan sumpah ka karuhun maneh rek mikeun ieu tanah. Ku sabab kitu ayeuna bakal dipimilik ku anak incuna. Heug bagikeun sadulur-dulur ka dua welas kaom masing sarua. Ngan kaom Yusup kudu meunang dua bagian. Wawatesan ieu tanah nya eta:

¹⁴ (47:13)

¹⁵ Di beulah kaler, watesna ti semet Laut Tengah terus ngetan ka Hetlon, ka Hamat, ka Sedad,

¹⁶ ka Berota jeung Sibraim (anu ayana antara wewengkon kota Damsik jeung kota Hamat), nepi ka Tikon (wates kota Hauran).

¹⁷ Jadi wates beulah kaler ti semet Laut Tengah nepi ka Hasar Enan. Kalereun eta nya eta wates wewengkon Damsik jeung Hamat.

¹⁸ Wates beulah wetan, mimiti ti hiji tempat antara wewengkon Damsik jeung Hauran, nunjangna ka kidul turut-turut Walungan Yordan anu jadi wates tanah Israil beulah

kulon jeung tanah Gilad beulah wetan, nepi ka Tamar di Laut Paeh.

¹⁹ Wates beulah kidul, ti semet Tamar ngidul-ngulon nepi ka Cinyusu Meriba di Kades. Ti dinya ngaler-ngulon turut-turut wates tanah Mesir nepi ka Laut Tengah.

²⁰ Ti beulah kulon watesna Laut Tengah, ngujur ka kaler nepi ka hiji tempat kuloneun jalan ka Hamat.

²¹ Eta tanah bagikeun ka unggal kaom

²² sina tetep kapimilik. Waktu ngabagina, urang asing oge, anu caricing di maraneh nepi ka baroga anak, kudu dibagianan, kudu dianggap sarua jeung warga Israil asli, barere elot sina narik tanah bagianana bareng jeung kaom-kaom Israil.

²³ Kabeh urang asing anu caricing di kaom-kaom Israil, masing-masing kudu dibagianan tanah. Kitu timbalan Kami, PANGERAN Nu Maha Agung."

48¹ (48: 1-7) Wewengkon beulah kaler, ti semet Laut Tengah ka wetankeun mapay ka Hetlon, ka jalan anu ka Hamat, ka Hasar Enon, nepi ka wates antara karajaan Damsik jeung karajaan Hamat, ti semet wates wetan terus ngulon nepi ka Laut Tengah, marele ti kaler nepi ka kidul pikeun kaom-kaom Dan, Aser, Naptali, Menase, Epraim, Rubin, jeung Yuda, masing-masing sabagian.

² (48: 1)

³(48: 1)

⁴(48: 1)

⁵(48: 1)

⁶(48: 1)

⁷(48: 1)

⁸Bagian anu ngarendeng jeung wewengkon eta kudu dijieu bagian anu istimewa. Ti kaler nepi ka kidul, kitu deui ti wetan nepi ka kulon, rubakna dua welas satengah kilometer, sarua jeung rubakna wewengkon-wewengkon anu dibikeun ka kaom-kaom tea. Eta wewengkon pikeun gedong Bait Allah.

⁹Di puseur ieu wewengkon kudu aya hiji petak anu ngawungkul, anu kudu dibaktikeun ka PANGERAN, ukuranana dua belas satengah kali sapuluh kilometer.

¹⁰Dina eta petakan suci aya bagian pikeun para imam, manjang ti wetan ka kulon dua belas satengah kilometer, ti kaler nepi ka kidul lima kilometer. Ari gedong Bait Allah ayana kudu di puseur ieu petakan.

¹¹Eta petakan suci pikeun para imam turunan Sadok, lantaran maranehanana mah saratia kumawulana ka Kami, teu kabawakeun goreng ku urang Israil cara jalma-jalma kaom Lewi sejenna.

¹²Anu matak maranehna mah dibere anu istimewa, petakanana adek kana petakan urang Lewi, tur jadi bagian anu pangscina ti nu sejen-sejen.

¹³Urang Lewi oge dibere bagian anu ngawungkul, kiduleun petakan para imam, anu ukuranana sarua jeung eta, ti wetan ka kulon dua belas satengah kilometer, ti kaler ka kidul lima kilometer.

¹⁴Petakan anu dibaktikeun ka PANGERAN teh tanah anu panghade-hadena ti sakuliah tanah, teu meunang dijual saeutik-eutik acan, pon kitu teu meunang ditukeurkeun atawa pindah tangan, sabab eta teh suci kagungan PANGERAN.

¹⁵Tina eta petakan istimewa aya anu kari, panjangna dua belas satengah kilometer, rubakna dua satengah kilometer. Eta mah kaayaanana jamak bae, henteu suci, pakeeun umum, meunang dipake jeung dicicingan ku jalma rea. Ari keur pikotaeun kudu di puseur petakan suci,

¹⁶bangunna kudu masagi, ukuran unggal sisina masing-masing dua rebu dua ratus lima puluh meter,

¹⁷sakurilingna kudu diputeran ku rarambu anu ngoblog rubakna saratus dua puluh lima meter.

¹⁸Lamun kotana geus dijieun, aya keneh lolongkrang anu nyesa lempengan petakan suci beulah kidul. Ti beulah wetan panjangna lima kilometer rubakna dua satengah kilometer. Ti beulah kulon panjangna lima kilometer rubakna dua satengah kilometer.

Eta pikeun tanah pertanian jalma-jalma anu caricing di eta kota.

¹⁹Anu caricing di eta kota, saha bae, ti kaom mana bae, meunang ngolah eta tanah.

²⁰Jadi legana petakan puseur anu kudu dibaktikeun teh pasagi, anu ukuran tiap sisina masing-masing dua belas satengah kilometer, kaasup petakan anu dipake ku kota tea.

²¹(48: 21-22) Wewengkon-wewengkon wetaneun jeung kuloneun petakan anu diadegan Bait Allah, nya eta tanah imam, tanah urang Lewi, jeung tanah kota. Sakarina ti eta tanah, milik pangereh, nu ngujur ka wetan ngembatna nepi ka wates beulah wetan, nu ngujur ngulon ngembatna nepi ka Laut Tengah. Ari ti kaler ka wates ka wewengkon Yuda, ti kidul ka wates ku wewengkon Binyamin.

²²(48: 21)

²³(48: 23-27) Ari kaom-kaom anu tadi tacan kasebut, masing-masing kudu meunang sabagian. Tanahna kiduleun wewengkon suci, ngujur ti wates wetan nepi ka kulon ka Laut Tengah. Dibagikeunana marele ti kaler ka kidul ka kaom-kaom Binyamin, Simeon, Isaskar, Sebulun, jeung Gad.

²⁴(48: 23)

²⁵(48: 23)

²⁶(48: 23)

²⁷(48: 23)

²⁸Tanah anu dibikeun ka kaom Gad, beulah kidul watesna ngujur ngidul-ngulon ti semet Tamar nepi ka Cinyusu Meriba di Kades, ti dinya ngaler-ngulon turut-turut wates tanah Mesir nepi ka Laut Tengah.

²⁹"Kudu kitu tanah teh dibagi-bagikeunana ka kaom-kaom Israil keur pamilikeunana masing-masing," timbalan PANGERAN Nu Maha Agung.

³⁰(48: 30-34) Ari kota Yerusalem lawangna kudu dua belas. Unggal kutana, anu panjangna masing-masing dua rebu dua ratus lima puluh meter, dina opat pongpokna masing-masing lawangna tilu sarta dingaranan ku ngaran kaom-kaom. Lawang-lawang dina kuta pongpok kaler ngaranna Gapura Rubin, Gapura Yuda, jeung Gapura Lewi. Lawang-lawang dina kuta pongpok wetan ngaranna Gapura Yusup, Gapura Binyamin, jeung Gapura Dan. Lawang-lawang dina kuta pongpok kidul ngaranna Gapura Simeon, Gapura Isaskar, jeung Gapura Sebulun. Lawang-lawang dina kuta pongpok kulon ngaranna Gapura Gad, Gapura Aser, jeung Gapura Naptali.

³¹(48: 30)

³²(48: 30)

³³(48: 30)

³⁴(48: 30)

³⁵ Panjangna kuta kabeh salapan rebu meter.
Pingaraneun eta kota, ti ayeuna kudu disebut:
"PANGERAN-AYA-DI-DINYA!"

Daniel

1 ¹Dina katilu taunna Yoyakim ngarajaan nagri Yuda, kota Yerusalem ditempuh jeung dikepung ku Raja Nebukadnesar ti Babul.

²Pangeran ngidinan eta raja ngelehkeun Raja Yoyakim jeung ngajabel sabagian rajabrama Bait Allah. Mulihna nyandak tawanan, ngabujeng ka kuil dewa-dewana di Babul. Ari harta rampasan disimpan di enggon dunyabrama di eta kuil.

³Sang Raja nimbalan ka Aspenas, kapala rumah tangga karaton, sangkan meting sawatara bangsa Israil anu katawan, nu ngarora, turunan raja atawa turunan ningrat.

⁴Nu dipilih kudu nu karasep, seukeut uteuk, cukup didikan, calakan, tur mulus walagri, sangkan bisa diangkat jadi abdi karaton. Ku Aspenas kudu diajar maca jeung nulis dina basa Babul.

⁵Timbalan raja deui, daharna, nginumna, unggal poe kudu sarua jeung katuangan urang karaton. Sanggeus tilu taun kudu dideuheuskeun ka raja.

⁶Di antara nu kapilih aya: Daniel, Hananya, Misael, jeung Asaria, kabeh asal ti kaom Yuda.

⁷ Ku kapala rumah tangga karaton
jenenganana teh dilandi jadi: Beltesasar,
Sadrah, Mesah, jeung Abednego.

⁸ Tapi Daniel geus nekadkeun moal seja
ngarurujit diri ngarempak cegahan agama
ku kadaharan jeung inuman ti karaton. Nya
mundut tulung ka Aspenas.

⁹ Kersaning Allah Aspenas wet resep ka
Daniel.

¹⁰ Ngan ku sabab sieun ku raja, anjeunna
ngawaler ka Daniel, kieu, "Kumaha atuh,
da raja geus netepkeun kitu, boh dahareun
boh inumeun. Mun engke tingalieun awak
ujang mundur teu nyumponan sarat cara nu
lian-lianna, palangsiang kami dipaehan."

¹¹ Ku sabab eta Daniel nepungan jaga, anu
ku Aspenas dibakukeun ngurus anjeunna
sarerencangan. Saurna:

¹² "Cobi heula abdi opatan di lebet sapuluh
dinten, neda bangsa sayuran, ngarot cai
herang.

¹³ Lajeng bandingkeun hasilna sareng
nonoman-nonoman sanes anu nareda sareng
ngarotna katuangan sareng leueuteun ti
karaton. Mangga engke taksir kumaha
katingalina."

¹⁴ Pamundutna disaluyuan, heug dicoba
sapuluh poe.

¹⁵ Sabadana, tetela hasilna leuwih
nyugemakeun ti batan nonoman-nonoman

anu dirangsom ti karaton. Leuwih sehat, leuwih kuat.

¹⁶Ti semet harita, tetep taruangna teh bangsa sayuran, lain katuangan ti karaton anu ditangtukeun ku raja.

¹⁷Ieu opat nonoman ku Allah dipaparin pangaweruh, paham kana kasusastran jeung palsapah. Kajaba ti kitu Daniel mah ku Allah dipaparin kaahlian nerangkeun harti tetenjoan jeung impian.

¹⁸Tutas tilu taun anu ditempokeun ku raja, para nonoman teh ku Aspenas dideuheuskeun ka Nebukadnesar.

¹⁹Waktu dicandak sasauran, sang raja pohara katarikna ku Daniel, Hananya, Misael, jeung Asaria, leuwih ti ka nu lian. Nya tuluy diangkat jadi abdi-abdi di karaton raja.

²⁰Mun ku raja dipariksa tina sual naon bae atawa tina masalah nu kumaha bae, kauningana ieu opat nonoman teh sapuluh kalieun tukang-tukang nujum atawa tukang-tukang sihir di sakuliah karajaan.

²¹Ari Daniel aya di karaton raja teh nepi ka mangsa Babul ditalukkeun ku Raja Kores ti Persia.

2¹Dina kadua taunna Nebukadnesar jumeneng raja, anjeunna ngimpen. Impenanana ngabarubahkeun manahna, nepi ka teu iasa kulem deui.

²Ku sabab kitu tuluy anjeunna manggil tukang-tukang ngaramal, dukun-dukun,

tukang-tukang jampe, jeung tukang-tukang sihir, sina nerangkeun impenanana. Sanggeus maranehna karumpul di payuneun raja,

³raja ngandika, "Kami teu garenah hate ku impian. Kami hayang nyaho pihartieunana."

⁴Wangsul maranehna, dina basa Aram, "Mugia Kangjeng Raja wilujeng sapapaosna! Sumangga impenan teh dawuhkeun, pihartoseunana bade diterangkeun."

⁵Dawuhan raja, "Pakarepan kami, maraneh lain ngan kudu nerangkeun pihartieunana, tapi kudu jeung bari neguh impianana. Lamun teu barisa, awak maraneh baris diteukteukan sabagian-sabagian, sarta imah maraneh dirubuh-rubuhkeun.

⁶Sabalikna lamun bisa neguh eta impian, jeung nerangkeun naon hartina, ku kami tangtu diganjar, nya barang, nya kahormatan. Pek impianana caritakeun, tuluy terangkeun hartina."

⁷Ari warangsulna, "Sadaya-daya, upami Gusti nyaurkeun impenanana, abdi sadaya sanggem nerangkeunana."

⁸Dawuhan raja, "Bener bae sakumaha pangira kami, maraneh rek ngulur waktu, lantaran ngarasa

⁹bakal narima hukuman anu sarua lamun teu bisa nerangkeun. Tangtuna ge maraneh baris sapongkol ngarang-ngarang pihartieunana, ngabobodo ka kami, reujeung harepan sangkan kami ngarobah putusan. Sebutkeun

heula impianana, kakara kami percaya yen maraneh bisa nerangkeun pihartieunana."

¹⁰Eta para jurunasehat ngawangsul deui, "Dawuh timbalan, di sadunya moal aya nu tiasa ngunjukkeun perkawis sarupi kitu ka linggih Gusti. Teu acan aya raja, dalah anu pangagungna sareng pangkawasana oge, anu kitu pamundutna ka tukang-tukang torahna, atanapi ka dukun-dukunna kitu deui ka tukang-tukang sihirna.

¹¹Anu dipundut ku Gusti teh abot teuing, dugi ka moal aya nu tiasa nyubadanan kajabi ti dewa-dewa. Nanging dewa-dewa mah cicingna sanes di manusa."

¹²Raja ngagidir awahing ku wera, tuluy nimbalan, supaya sakabeh jurunasehat nu aya di Babul dipaehan.

¹³Parentah ngahukum dikaluarkeun, supaya eta jelema-jelema diparaehan, kaasup oge Daniel jeung rencang-rencangna.

¹⁴Ari Daniel tuluy nepangan Ariok, pamingpin pangawal raja, anu dipiwarang ngalaksanakeun hukuman tea. Kalawan ati-ati pisan anjeunna naroskeun ka Ariok,

¹⁵naon sababna sang raja ngaluarkeun parentah anu sakitu kerasna. Ku Ariok dibejakeun hal ihwalna.

¹⁶Harita keneh Daniel ngadeuheus ka raja, mundut heula waktu pikeun ngamanah-manah pihartieun impenan raja. Ku raja kawidian.

¹⁷ Geus kitu Daniel mulih, wawartos ka Hananya, Misael jeung Asaria.

¹⁸ Anjeunna ngajak neneda ka Allah nu di sawarga, nyuhunkeun sih kurnia-Na, nyuhunkeun diterangkeun perkara impenan raja, sangkan ulah milu dipaehan jeung para jurunasehat urang Babul tea.

¹⁹ Peuting eta keneh eta kagaiban impenan raja teh kabuka ku Daniel, dina hiji titingalian. Seug anjeunna muji ka Allah nu disawarga:

²⁰ "Maha bijaksana Allah, maha kawasa. Puji sapapanjangna.

²¹ Mantenna ngatur waktu, ngolah mangsa. Mantenna ngadegkeun raja, Mantenna nu ngarurudna. Nya Mantenna anu maparin hikmat jeung pangarti.

²² Mantenna ngebrehkeun nu jero-jero, nu gaib-gaib. Tingali ka nu nyamuni di nu poek, tur Mantenna ku anjeun kaliputan ku cahya.

²³ Puji sukur ti abdi, nun Allahna karuhun abdi, wireh abdi dipaparinan hikmat katut kakiatan, reh panuhun abdi dikabul, diebrehan perkawis anu kedah diunjukkeun ka raja."

²⁴ Daniel nepangan deui Ariok, anu ku raja dipapancenan ngalaksanakeun hukuman ka para ahli tea. Saurna, "Para ahli teh ulah waka dipaehan. Deuheuskeun abdi ka raja, bade ngunjukkeun perkawis impenanana."

²⁵ Harita keneh Daniel ku Ariok dideuheuskeun ka Raja Nebukadnesar.

Piunjuk Ariok ka raja, "Abdi sumeja nyanggakeun hiji jalmi tawanan bangsa Yahudi, anu sanggem nerangkeun impenan Sang Raja."

²⁶Raja mariksa ka Daniel, nu dilandi Beltesasar tea, saurna, "Nyaho maneh impian kami sarta jeung nerangkeun hartina?"

²⁷Daniel ngawangsul, "Kangjeng Raja, kana perkawis eta, moal aya tukang sihir, jurutenung, dukun, atanapi ahli palak anu tiasa nerangkeun.

²⁸Nanging di sawarga aya nu jumeneng Allah, anu kawasa muka nu gaib-gaib, Mantenna parantos nembongkeun ka Kangjeng Raja perkawis engke ka payun. Ayeuna impenan Gusti, anu katingali nalika keur kulem, ku abdi sumeja disanggemkeun.

²⁹Salebetung kulem, Kangjeng Raja ngimpen perkawis engke ka payun. Allah, anu muka rasiah nu gaib-gaib, ka Gusti parantos mintonkeun nu baris kajadian ka payun.

³⁰Ayeuna eta rasiah teh parantos diebrehkeun ka abdi. Sanes ku margi abdi pinter ngungkulon nu lian, nanging supados Gusti uninga kana hartosna eta impenan, sareng supados ngahartos kana pikiran-pikiran anu dongkap ka Gusti.

³¹Kangjeng Raja, Gusti ngimpen ningali hiji arca raksasa, herang gugurilapan, nanging bangunna pikasieuneun.

³² Sirahna tina emas murni, dada sareng leungeunna tina perak. Cangkeng sareng bobokongna tina tambaga,

³³ pingpingna tina beusi, sukuna sapalih tina beusi, sapalih tina taneuh liket.

³⁴ Sabot Gusti neuteup eta arca, aya batu ageung anu bongkar tina hiji gunung karang, padahal teu aya anu noel-noel acan, teras ngagulundung neumbrag kana suku arca anu tina beusi sareng taneuh liket tea dugi ka remuk.

³⁵ Sapada harita keneh eta arca ngarempseyek, beusina, taneuh liketna, tambagana, perakna sareng emasna bareng ancur, bubuk lembut sapertos kekebul di tempat pangirikan di musim halodo, lajeng katiup angin, beresih teu aya urut-urutna. Dipi batu tea wuwuh ageung, dugi ka ngajadi gunung sareng minuhan bumi sakuliahna.

³⁶ Kitu impenanana. Ayeuna abdi sumeja ngahaturkeun pihartoseunana.

³⁷ Kangjeng Raja, Gusti teh raja anu pangagungna ti sadaya raja-raja. Ku Allah anu jumeneng di sawarga parantos dijenengkeun raja, dipaparin kakawasaan, kagagahan, sareng kahormatan.

³⁸ Ku Mantenna dikersakeun murba ka sakuliah bumi katut nu nyicinganana, sarta murba ka sasatoan sareng manuk-manuk ka Gusti sami taraluk. Sirah anu tina emas teh nya Gusti ku anjeun.

³⁹ Sapandeurieun Gusti, pingadegeun hiji karajaan, kirang mulyana ti karajaan Gusti. Sapandeurieun eta, aya deui karajaan katilu, anu dilambangkeun tambaga, anu bakal ngawasaan sakuriling bumi.

⁴⁰ Saparantos eta, aya karajaan anu kaopat, anu kakiatanana lir teuasna beusi. Sakumaha beusi kiat ngaremukkeun sareng ngancurkeun saniskanten, eta karajaan oge bakal ngaremukkeun sareng ngancurkeun karajaan-karajaan anu ti payun-payun tea.

⁴¹ Katingali oge ku Gusti, sukuna sareng ramo-ramona sabagian tina taneuh liket, sabagian deui tina beusi. Ieu hartosna, eta karajaan teh kabagi-bagi. Eta karajaan gaduh oge kakiatan sapertos beusi, margi taneuh liket teh pacampur sareng beusi.

⁴² Ramo-ramona sapalih beusi sapalih taneuh liket, nawiskeun eta karajaan teh sabagian kiat, sabagian deui lemah.

⁴³ Katingali ku Gusti beusi campur sareng taneuh liket. Ieu nawiskeun para pangereh eta karajaan ihtar ngahijkeun warga-wargana ku jalan kawin campur pacorok jodo, nanging teu tiasa raket, sakumaha beusi moal tiasa dalit sareng taneuh liket.

⁴⁴ Nalika eta karajaan-karajaan tea ngadeg, Allah anu jumeneng di sawarga ngadegkeun hiji karajaan anu moal aya tungtungna, moal aya nu tiasa ngelehkeun, malah bakal numpes

numpurkeun karajaan-karajaan anu tadi tea sadayana, lajeng ngadeg salalanggengna.

⁴⁵ Perkawis eta, kaimpenkeunana ku Gusti aya batu ngagulundung, anu bongkar tina gunung karang kalayan teu aya anu noel-noel acan, teras neumbrag eta arca tina beusi, tambaga, taneuh liket, perak sareng emas. Allah anu agung parantos mintonkeun ka Gusti, hiji perkawis nu baris kajadian ka payun. Kitu kaulanun, impenan Gusti, sareng kitu pihartoseunana."

⁴⁶ Bruk Raja Nebukadnesar sujud ka Daniel. Ti dinya lajeng marentah, sangkan Daniel dibaktian ku kurban-kurban jeung rupa-rupa pangbakti.

⁴⁷ Geus kitu sasauran ka Daniel, "Allah anjeun pangagungna ti sakabeh allah, Gustining raja-raja, hiji-hijina Allah anu iasa muka anu gaib-gaib. Kami yakin kana eta perkara, sabab anjeun geus bisa nerangkeun sakabeh rasiah hal-hal anu gaib."

⁴⁸ Ti dinya Daniel dipaparin hiji kalungguhan luhur, kitu deui dipaparin ganjaran, barang-barang nu arendah, dipaparin cangkingan di propinsi Babul tur dijadikeun kapala sakabeh jurunasehat raja.

⁴⁹ Tapi kalawan pamundut Daniel, eta kalungguhan pikeun nyekel pamarentahan propinsi Babul teh ku raja dicangkingkeun ka Sadrah, Mesah, jeung Abednego. Ari Daniel

ku anjeun, tetep nyepeng kalungguhan di karaton raja.

3 ¹Raja Nebukadnesar ngadamel arca tina emas, luhurna salapan puluh kaki, rubakna salapan kaki, dipasang di tanah lapang di Dura, di propinsi wilayah Babul.

²Ti dinya raja miwarang ngumpulkeun sakabeh pajabatna, para pangeran, para gubernur, para wakil gubernur, bupati-bupati, bendahara-bendahara, jaksa-jaksa, hakim-hakim, katut para pajabat propinsi-propinsi sezenna. Kabeh kudu milu kana upacara pangresmian eta arca beunang raja ngadegkeun tea.

³Sanggeus kabeh karumpul sarta geus narangtung hareupeun eta arca,

⁴juruwarta ngomong tarik, ngembarkeun pangumuman, kieu: "Rahayat sakumna ti unggal bangsa, seler bangsa, sabasana-sabasana!

⁵Aranjeun baris ngareungeu sora tarompet, dituturkeun ku sora suling, rebab, gibus, kacapi, katut tatabeuhan lianna. Bareng jeung brengna tatabeuhan, sakumna rahayat kudu marendek dareku, ngabakti ka ieu arca emas, anu ku Raja Nebukadnesar diadegkeun.

⁶Sing saha anu teu deku ngabakti ka dinya, moal tempo deui baris digebruskeun ka jero tameuleuman anu ngagegedur!"

⁷Breng tatabeuhan ditabeuh, rahayat ti sagala bangsa, suku bangsa katut basa,

bareng marendek sarujud ka eta arca emas
anu beunang Raja Nebukadnesar ngadegkeun
tea.

⁸Aya sawatara urang Babul, anu asa
meunang jalan geusan nyilakakeun urang
Yahudi.

⁹Pok arunjukan ka Raja Nebukadnesar,
"Mugia Kangjeng Raja jumeneng sapapaosna!"

¹⁰Gusti parantos nimbalan, yen di mana
breng tatabeuhan ditabeuh, masing-masing
kedah sujud nyembah ka arca emas.

¹¹Anu teu mendek sujud ka eta, baris
digebruskeun ka lebet pameuleuman anu
ngagegedur.

¹²Awon henteu kapiunjuk, aya tilu jalmi
urang Yahudi, anu ku Kangjeng Gusti sina
nyepeng pamarentahan di propinsi Babul,
nya eta Sadrah, Mesah sareng Abednego.
Maranehna henteu tumut kana timbalan
Kangjeng Gusti. Teu nyembah, teu sujud ka
eta arca emas kenging Gusti ngadegkeun."

¹³Sang raja benduna teu kira-kira, seug
nimbalan supaya eta tilu jelema dibawa ka
payuneunana.

¹⁴Dawuhan raja ka aranjeunna, "Sadrah,
Mesah jeung Abednego, na enya maraneh
nolak embung nyembah ka dewa kami,
henteu sujud ka arca emas beunang kami
ngadegkeun?

¹⁵Ti semet ayeuna, tiap-tiap maraneh
ngadenge sora tarompet, suling, rebab,

gambus, kacapi, jeung tatabeuhan lianna, kudu sujud nyembah ka eta arca. Mun teu kitu, harita keneh tan wande maraneh digebruskeun ka jero pameuleuman anu ngagegedur. Naha pangira maraneh aya dewa anu baris nyalametkeun maraneh?"

¹⁶ Sadrah, Mesah jeung Abednego ngawangsul, "Dawuh Gusti, abdi-abdi moal ngabela diri.

¹⁷ Upami Allah anu dibakti ku abdi-abdi iasaeun ngaleupaskeun abdi-abdi tina eta pameuleuman anu ngagegedur, kitu deui tina kakawasaan dampal Gusti, kantenan kersaeun.

¹⁸ Nanging dina teu kersaeuna-Na, Kangjeng Raja mugia uninga, abdi-abdi tetep moal nyembah ka dewa Kangjeng Raja, moal sujud ngabakti ka eta arca emas kenging Gusti ngadegkeun."

¹⁹ Barang ngadangu kitu, amarah sang raja budal. Pameunteuna mani geuneuk awahing ku wera ka Sadrah, Mesah jeung Abednego. Tuluy marentah sangkan seuneu pameuleuman digedean, panasna sing nepi ka tujuh tikeleun ti biasa.

²⁰ Lajeng nimbalan ka serdadu-serdadu anu pangbedasna, sina ngabarogod eta anu tiluan, sangkan terus dibalangkeun ka jero pameuleuman.

²¹ Tuluy aranjeunna dibakutet, lengkep jeung anggoanana, kameja, jubah, sorban,

brus digebruskeun kana pameuleuman anu ngagegedur.

²² Awahing ku panas-panasna eta seuneu, kawantu beunang ngagedean, kalawan parentah kacida kerasna, jalma-jalma anu rek ngagebruskeun aranjeunna kaduruk nepi ka paraeh.

²³ Sadrah, Mesah, jeung Abednego, anu dibakutet, ragragna kana seuneu ka tengah-tengahna pisan.

²⁴ Tapi ngadak-ngadak Nebukadnesar ngorejat ngadeg awahing ku heran. Pok mariksa ka para ponggawana, "Lain tiluan anu dibakutet digebruskeun ka dinya teh?" Diwarangsul, "Sumuhun timbalan, leres tiluan."

²⁵ Raja mariksa deui, "Naha geuning katenjona ku kami mah aya opatan, tingkuriling di jero seuneu? Henteu dibakutet, jeung siga henteu ngarasaeun nyeri. Nu kaopat mah bet siga malaikat."

²⁶ Nebukadnesar nyaketan lawang pameuleuman anu ngagegedur. Lajeng ngagentaan, "Sadrah, Mesah, Abednego! Abdi-abdi Allah Anu Maha Agung! Geura bijil! Harita keneh tiluanana kalaluar.

²⁷ Para pangeran, para gupernur, para wakil gupernur, jeung pajabat-pajabat raja, ngarubung nelek-nelek aranjeunna anu henteu naon-naon ku seuneu. Rambutna teu

tutung, anggoanana teu kaduruk, salirana henteu bau haseup-haseup acan.

²⁸Raja nimbalan, "Puji Allahna Sadrah, Mesah, jeung Abednego. Anjeunna ngintun malaikat-Na, nangtayungan ieu tilu jalma anu ngabakti sarta percaya ka Anjeunna. Maranehna ti batan tunduk kana parentah kami, leuwih suka paeh ti batan kudu sujud ngabakti ka dewa mana bae oge, lian ti ka Allahna sorangan.

²⁹Kami ngaluarkeun parentah, sing saha bae, bangsa mana bae, seler bangsa mana bae, ku basa naon bae, anu ngahina ka Allahna Sadrah, Mesah jeung Abednego, baris diteukteukan awakna sabagian-sabagian, imahna dirugrug-rugrugkeun. Sabab euweuh dewa sejen anu bisa mere pitulung cara kieu."

³⁰Geus kitu Sadrah, Mesah, jeung Abednego ku raja dijungjung kana pangkat anu leuwih luhur, nyangking kalungguhan di propinsi Babul.

4 ¹Ieu malumat Raja Nebukadnesar, anu dikirimkeun ka jalma-jalma sagala bangsa, seler bangsa katut basa di saalam dunya. "Salam!

²Ieu kami, seja medar kaahengan-kaahengan jeung mujijat-mujijat, anu dipintonkeun ka kami, ku Allah Nu Maha Agung.

³Pohara aragungna kaahengan anu dipintonkeun ku Allah ka urang! Pohara

hebatna pintonan mujijat-mujijat Mantenna!
Allah teh Raja nu langgeng, baris ngasta
sapapanjangna.

⁴Kami cicing di karaton estu senang, hirup
reujeung sugih mukti.

⁵Tapi kami boga impian pikasieuneun, aya
tetenjoan gaib pikakeueungeun, kaalaman
waktu kami keur hees.

⁶Seug kami mere parentah ngadatangkeun
sakabeh jurunasehat nu aya di Babul,
sangkan mere nyaho pihartieun eta impian.

⁷Seug daratang ka kami, juru-juru ramal,
dukun-dukun, tukang-tukang sihir, ahli-ahli
palak, sarta impian teh ku kami dicaritakeun.
Tapi kabeh taya nu bisa nerangkeun.

⁸Ti dinya Daniel (nu disebut oge Beltesasar,
ngalap tina jenengan dewa kami), marek.
Eta jalma kalinggihan roh dewa-dewa saruci.
Impian teh ku kami didadar ka manehna.
Carek kami ka manehna:

⁹Beltesasar, pamingpin juru-juru ramal,
kami nyaho maneh kalinggihan roh dewa-
dewa saruci, bisa sidik ka nu gaib-gaib.
Terangkeun pihartieun impian kami. Kieu
impianana:

¹⁰Waktu kami hees, meunang tetenjoan
gaib. Aya hiji tangkal di pusering bumi,
gedena kaliwat saking.

¹¹Eta tangkal beuki luhur, nepi ka ngahontal
langit, tembong ku sakabeh jalma ti sakuliah
dunya.

¹²Daunna arendah, buahna meuhpeuy
kacida leubeutna, cukup keur saeusi dunya.
Sato-sato alas darepa handapeunana, manuk-
manuk nyarayang dina dahans-dahanna,
kabeh mahluk anu kumelip ngahakan buahna.

¹³Sabot kami mikiran eta tetenjoan, nenjo
malaikat turun ti langit, sayaga jeung
waspada.

¹⁴Eta malaikat nyoara tarik kacida: Tuar
eta tangkal. Tutuhan dahans-dahanna,
pahpralan daunna, awur-awur buahna.
Buburak sasatoan ti handapeunana, buburak
manuk-manuk tina dahanna.

¹⁵Tunggulna ingkeun tinggalkeun, talian ku
rante beusi jeung tambaga. Ingkeun antep
jeung jukut di tegal. Eta jalma ingkeun sina
kaibunan, hirupna sina ngahiji jeung sato
jeung tatangkalan.

¹⁶Tujuh taun manehna moal kapanjungan
akal manusa, sina kaancikan adat sato.

¹⁷Kitu putusan para malaikat anu sayaga
jeung waspada. Sangkan manusa di mana-
mana nyaraho yen Allah Nu Maha Agung,
kawasa ka karajaan-karajaan manusa, iasa
nyelehkeun ka saha bae kersa-Na, najan ka
jalma nu panglaipna.

¹⁸Kitu impian kami," lahir Raja
Nebukadnesar. "Terangkeun ka kami,
Beltesasar, naon pihartieunana. Juru-juru
nasehat di karaton kami taya nu sanggup

nerangkeun. Anjeun mah bisa, sabab kalinggihan roh dewa-dewa saruci."

¹⁹Daniel, nu disebut oge Beltesasar, pohara reuwaseunana nepi ka teu kedal saur. Dawuhan raja ka anjeunna, "Beltesasar, ulah sieun-sieun ku hal eta impian jeung pihartieunana." Beltesasar ngawangsul, "Nun Kangjeng Raja, mugi eta impenan katut pibalukareunana terapna ka musuh-musuh, ulah ka salira Jeng Raja.

²⁰Gusti ningali hiji tangkal anu luhur jujul ka langit, tembong ti sakuliah dunya;

²¹daunna arendah, buahna leubeut, cekap keur saeusi dunya. Sato-sato alas darepa handapeunana, manuk-manuk nyarayang dina dahan-dahanna.

²²Kangjeng Raja, eta tangkal anu luhur sareng kiat teh salira Gusti, ngajungkiring gagah kaliwat saking. Kaagungan Gusti wuwuh luhur dongkap ka jujul ka langit, kakawasaan Gusti sumebar ka sakuliah jagat.

²³Sabot Gusti ngawas-ngawas, aya malaikat turun ti langit anu nyoara: Tuar eta tangkal, basmi, tapi tunggulna ingkeun ulah dicabut. Rante ku rante beusi jeung rante tambaga, ingkeun antep jeung jukut di tegal. Eta jalma ingkeun sina kaibunan, sina hirup jeung sasatoan, tujuh taun lilana.

²⁴Eta kieu pihartoseunana, sareng kieu maksadna anu ku Allah Nu Maha Agung ditingalikeun ka Gusti.

²⁵ Gusti baris disingkirkeun tina hirup manusa, ngahiji sareng sato-sato alas. Tujuh taun lamina kedah tuang jukut sapertos sapi, kulem di luar di nu ngabuliklak sareng kaibunan, tujuh taun lamina. Saparantos kitu Kangjeng Raja baris ngangken, yen Allah Nu Maha Agung teh kawasa ka sadaya karajaan manusa, kawasa nyelehkeun ka sing saha bae kersa-Na.

²⁶ Malaikat tea marentah supados tunggulna ditinggalkeun ulah dicabut. Ieu hartosna, Kangjeng Raja baris diangkat deui jadi raja, saparantos ngangken yen Allah kawasa ka saalam dunya.

²⁷ Ku margi kitu mugi Gusti kersa nampi piunjuk abdi. Lirenan kaawonan, pidamel kasaean, mugi welas asih ka nu miskin, tangtos Gusti baris jembar saterasna."

²⁸ Sagala hal nu tadi geus terap ka kami, Raja Nebukadnesar.

²⁹ Heuleut duabelas bulan ti harita, waktu kami leuleumpangan di loteng gedong karaton kami di Babul,

³⁰ kami ngomong, "Tenjo, pohara hebatna Babul! Meunang aing ngadegkeun, dijieun ibukota nagara, paranti aing nembungkeun kakawasaan, kagagahan, kaagungan jeung kamulyaan."

³¹ Can anggeus kami ngomong, kadenge aya sora ucapan ti langit, "Raja Nebukadnesar!

Dengekeun ucapan kami! Karajaan maneh
ayeuna rek dijabel ti maneh.

³² Maneh baris dipiceun ti kalangan hirup
manusa, baris hirup ngahiji jeung sato-sato
alas, nyatu jukut cara sapi, tujuh taun lilana.
Nepi ka maneh ngaku yen Allah Nu Maha
Agung kagungan kawasa ka sakabeh karajaan
manusa, kawasa nyelehkeunana ka saha bae
kersa-Na."

³³ Sapada harita keneh bukti. Kami,
Nebukadnesar disingkirkeun ti kalangan hirup
manusa. Kami ngakan jukut, cara sapi. Kami
kaibunan, buuk beuki manjangan, mani cara
bulu heulang. Kuku oge manjangan ngareluk
kawas kuku manuk.

³⁴ "Sanggeus liwat tujuh taun", saur eta
raja, "kami tanggah ka langit, sup ingetan
kami balik deui. Seug kami ngucapkeun puji
ka Allah Nu Maha Agung, ngamulyakeun
jeung ngagungkeun ka nu jumeneng
salalanggengna. Mantenna baris ngasta
salalanggengna. Karajaana-Na baris ngadeg
sapapanjangna.

³⁵ Jalma-jalma pangeusi dunya, di payuneun
Mantenna taya ajenna. Malaikat-malaikat nu
di sawarga, manusa anu di dunya, dicangking
ku Mantenna. Taya nu bisa ngalawan kana
pangersa-Na, taya nu wani nanyakeun
Mantenna midamel naon.

³⁶ Sanggeus ingetan kami pulih deui,
kahormatan, kamulyaan, kitu deui

kamashuran karajaan kami, dipaparinkeun deui ka kami. Kami dibageakeun ku rengrengan nagara jeung ku para gegeden, diangkat deui nyangking karajaan, malah kaagungan kami jadi leuwih ti nu ti heula.

³⁷ Ayeuna kami, Nebukadnesar, muji ngamulyakeun jeung ngagungkeun ka Raja Sawarga. Karana sagala padamelana-Na bener tur adil, sarta Mantenna iasa ngasorkeun jalma nu nyieun peta adigung. "

5 ¹Dina hiji peuting, Raja Belsyasar ngayakeun pesta gede, ngondangan sarebu gegeden. Para ondangan ngarinum anggur.

²Sabot ngarinum, Belsyasar miwarang ngaluar-luarkeun mangkok-mangkok jeung cangkir-cangkir emas, anu ku Nebukadnesar, ramana, dijabel ti Bait Allah di Yerusalem tea. Maksudna rek dipake ngaleueut ku anjeunna, ku para gegedenna, ku istri-istrina, jeung ku selir-selirna.

³Harita keneh mangkok-mangkok jeung cangkir-cangkir emas teh dikaluarkeun, tuluy diparake nginum anggur,

⁴bari muji dewa-dewana anu tina emas, perak, tambaga, beusi, kayu, jeung batu.

⁵Dak-dumadak aya leungeun jelema, sabeulah, sarta nulis dina bilik karaton lebah nu pangkasorotna ku lampu-lampu. Ku raja eta leungeun sabeulah teh katingalieun.

⁶Tuluy rarayna sepa, tuurna nyorodcod awahing ku sumeblak manahna.

⁷Tuluy ngagorowok ngagentaan jalma, miwarang ngadeuheuskeun juru-juru tenung, tukang-tukang sihir jeung ahli-ahli palak. Sanggeus jaronghok, sang raja ngandika, "Sing saha anu bisa maca eta tulisan reujeung mere pihartieunana, ku kami rek dipakeanan raksukan wungu, beuheungna dikongkorongan kongkorong emas tanda kahormatan, sarta dijieun kawasa katilu di karajaan."

⁸Tuluy eta juru-juru nasehat teh maju, tapi saurang ge teu aya nu bisa maca eta tulisan, komo ngahartikeunana.

⁹Raja Belsyasar beuki sepa awahing ku geumpeur. Para gegeden teu barisa majar kumaha.

¹⁰Ngadangu recok-recokna raja jeung para gegeden, ibuna raja lebet ka tempat pesta. Tuluy ngalahir, "Mugia Raja wilujeng sapapanjangna! Teu kedah geumpeur sumeblak dugi ka sepa kitu.

¹¹Di ieu karajaan aya hiji jalma anu kalinggihan ku roh dewa-dewa saruci. Nalika rama suwargi jumeneng keneh eta jalma parantos nyata caang pikir, rea katerang, ngagaduhan hikmat sapertos hikmatna para dewa. Ku tuang rama, Raja Nebukadnesar, dugi ka dijadikeun pamingpin juru-juru ramal,

juru-juru tenung, tukang-tukang sihir, sareng ahli-ahli palak.

¹²Kamampuhna, luar biasa, bijaksana sareng gaduh kaahlian napsirkeun impian, ahli mecahkeun sual-sual muskil, ahli ngahartikeun anu gaib-gaib. Wastana Daniel, ku tuang rama dilandi Beltesasar. Mangga saur, hamo gagal, tangtos tiasaeun ngahaturkeun pihartoseun eta tulisan."

¹³Harita keneh Daniel dideuheuskeun. Ngandika raja ka anjeunna, "Maneh Daniel teh, urang Yahudi anu ditawan ka dieu ku rama kami ti nagri Yuda?

¹⁴Kami aya anu ngabejaan yen maneh kalinggihan ku roh dewa-dewa saruci, boga kaahlian, boga pangarti jeung hikmat.

¹⁵Kami geus ngadatangkeun juru-juru nasehat jeung tukang-tukang sihir, sina maca eta tulisan, jeung nerangkeun hartina. Tapi teu barisaeun mecahkeun.

¹⁶Ceuk nu nyarita, maneh bisa nyungsi harti nu samuni, nyingkabkeun nu gaib-gaib. Upama maneh bisa maca eta jeung nerangkeun hartina, baris dipakeanan jubah wungu karajaan, beuheung dikongkorongan ku kongkorong emas tanda kahormatan, jeung dijieun kawasa katilu di ieu karajaan."

¹⁷Daniel ngawaler, "Kangjeng Raja teu kedah maparin ganjaran, atanapi ganjaranana lelerkeun ka anu sanes. Sumangga abdi

sumeja maca eta tulisan, sareng nerangkeun hartosna.

¹⁸Rama Gusti, Nebukadnesar, ku Allah Nu Maha Agung dipaparin kahormatan sareng kamulyaan.

¹⁹Kalintang agungna, dugi ka jalmi-jalmi, sagala bangsa, seler bangsa sareng basabasa, sadayana gimir sareng gumeter. Upami saurna paehan eta jalma, nya dipaehan. Upami saurna hirupan, nya dihirupan. Kawasa ngajungjung sareng ngahandapkeun saha bae kumaha kersana.

²⁰Nanging, ku margi jadi ngunculkeun anjeun, heuras manah sareng lalim, anjeunna digulingkeun tina tahtana, dileungitkeun kaagunganana.

²¹Anjeunna diusir ti kalangan hirup manusa, sarta emutanana barobah, jadi teu benten ti adat sato, campur sareng kalde alas, tuang jukut sapertos sapi. Kulemna diluar di nu ngabuliklak, salirana teu kahalangan tina kaibunan. Ahirna anjeunna ngangken, yen Allah Nu Maha Agung murba kawasa ka sadaya karajaan manusa, sarta kawasa nyelehkeunana ka saha bae kersa-Na.

²²Dupi Gusti, nu jadi putrana, tur uninga kana eta perkawis sadaya, Gusti henteu ngarendahkeun salira.

²³Gusti parantos ngaluluhuran ka Gustining Sawarga, ngakutan mangkok-mangkok sareng cangkir-cangkir anu asal ti Bait

Mantenna. Sang Raja ku anjeun, para gegeden, garwa-garwa, parekan-parekan, ngaraleueut anggur nganggo eta parabot, bari muji dewa-dewa tina emas, perak, tambaga, beusi, kayu sareng batu, dewa-dewa anu teu tiasa ningal teu tiasa ngareungeu, sareng teu terang naon-naon. Dupi ka Allah, anu iasa nangtoskeun hirup sareng pati Kangjeng Raja henteu hormat.

²⁴ Nya ku margi kitu, Allah ngadatangkeun eta leungeun sina nyerat dina tembok.

²⁵ Eta seratan teh ungelna: Mene, mene, takel, uparsin. Hartosna: Diitung, diitung, ditimbang, dibagi.

²⁶ Maksadna diitung: Allah parantos ngetang umur karajaan Gusti, tetela parantos meujeuhna ditigas.

²⁷ Maksadna ditimbang: Gusti parantos ditimbang dina timbangan, kabuktosan hampang pisan.

²⁸ Maksadna dibagi: Karajaan Gusti parantos dipecah dua, dipaparinkeun ka bangsa Media sareng Persia."

²⁹ Harita keneh Belsyasar nimbalan ka ponggawa-ponggawa, seug Daniel dianggoan jubah wungu karajaan, dianggoan kongkorong emas tanda kahormatan, sarta diangkat jadi kawasa katilu di karajaan.

³⁰ Tapi peuting eta keneh pisan Belsyasar raja Babul teh ditelasan.

³¹ Karajaanana dijabel ku Darius ti Media. Harita Darius yuswana geus genep puluh dua taun.

6 ¹ Darius mutuskeun ngangkat saratus dua puluh gupernur, pikeun nyangking pamarentahan sakuliah karajaan.

² Ari Daniel, jeung duaan deui, ku anjeunna diangkat jadi pangawas para gupernur, sarta kudu nalingakeun kapentingan raja.

³ Daniel jol-jol katangen leuwih parigel ngajalankeunana tugas, ti batan dua pangawas lianna kitu deui ti para gupernur. Ku lantaran kacida nyongcolangna, raja aya kersana rek ngangkat anjeunna sina nyangking sakabeh urusan nagara.

⁴ Pangawas nu duaan deui tea sakait jeung para gupernur, neangan kasalahan Daniel dina hal ngolah urusan karajaan. Tapi teu manggih-manggih, kawantu anjeunna jalma satuhu, taya codekana jeung jujur.

⁵ Ceuk nu sakait, "Moal manggih pisababeun geusan ngelakkeun Daniel, salian tina hal-hal anu patali jeung agamana."

⁶ Ti dinya maranehna ngadareuheus ka raja, arunjukan kieu, "Mugia Kangjeng Raja Darius wilujeng sapapanjangna!"

⁷ Abdi sadaya, anu dipercanten ngurus karajaan Gusti, para pangawas, para gupernur, para wakil gupernur sareng para pajabat sanesna, seja nyanggakeun pirempag, manawi Gusti kersa ngaluarkeun

parentah anu wajib diestokeun. Ungelna, di lebet tilu puluh dinten teu kenging aya anu nyuhunkeun naon-naon, boh ka dewa mana bae, boh ka papada manusa, lintang ka Kangjeng Raja. Anu ngalanggar ieu parentah, kedah dilebetkeun ka guha singa.

⁸Mugi Kangjeng Raja ngaluuarkeun eta serat parentah sareng ditawis, jadi undang-undang Media sareng Persia anu moal robah deui."

⁹Raja Darius tuluy nanda eta surat parentah.

¹⁰Daniel uningaeun yen aya parentah kitu tur enggeus sah. Anjeunna mulih ka bumina, terus lebet ka kamar di loteng, anu jandela-jandelana nyanghareup ka Yerusalem. Brek anjeunna sujud mayun kana jandela-jandela anu maruka, neneda ka Allah, sakumaha sasari sok tilu kali dina sapoe-sapoena.

¹¹Barang musuh-musuh Daniel nyarahoeun yen anjeunna keur neneda ka Allah,

¹²tuluy ngadareuheus ka raja, ngadukeun. Piunjukna, "Kangjeng Raja parantos ngaluuarkeun parentah, anu ngalarang jalmi-jalmi teu kenging nyuhunkeun naon-naon, boh ka dewa mana bae, boh ka papada manusa, di lebet tilu puluh dinten, kajabi ti ka Kangjeng Raja. Anu ngalanggar baris dilebetkeun ka guha singa." Waler raja, "Enya. Larangan keras. Dikukuhkeun ku undang-undang Media jeung Persia anu moal robah deui."

¹³ Piunjuk maranehna deui, "Unjuk uninga. Daniel, salah sawios tawanan ti nagri Yuda tea, parantos teu ngendahkeun eta parentah. Manehna angger neneda ka Allahna, sapertos sasari, tilu kali sadintenna."

¹⁴ Barang diuningaan kitu, raja jadi pohara ngarenjagna. Tuluy sakedah polah milari jalan keur ngabelaan Daniel. Milarina pijalaneun nepi ka surup panonpoe.

¹⁵ Jelema-jelema tea ngadareuheus deui ka raja sarta arunjukan, "Kangjeng Raja langkung tingali, numutkeun undang-undang Media sareng Persia, parentah Raja anu parantos dikaluarkeun, moal robah deui."

¹⁶ Tungtungna raja nimbalan supaya Daniel ditangkep, terus digebruskeun kana guha singa. Ari anjeunna ngalahir ka Daniel, "Mugi-mugi anjeun sing disalametkeun ku Allah, anu ku anjeun disembah kalawan satuhu."

¹⁷ Lawang guha singana terus ditutup ku batu, sarta batuna dicap ku cincin raja jeung cincin cap para gegeden, supaya ulah aya nu bisa nulungan ka Daniel.

¹⁸ Geus kitu raja mulih ka karaton, sarta peutingna teu iasa kulem, teu kersa tuang, teu kersa ngadangukeun tatabeuhan.

¹⁹ Rebun-rebun keneh anjeunna geus gugah, gusak-gasik ngabujeng ka guha.

²⁰ Sasumpingna terus celak-celuk bari degdegan manahna, saurna, "Daniel, abdi

Allah nu jumeneng! Kumaha Allah, anu ku anjeun disembah kalawan satuhu, kersaeun nyalametkeun anjeun tina pangreweg singa?"

²¹ Daniel ngawaler, "Mugia Kangjeng Raja wilujeng sapapaosna!"

²² Allah parantos ngutus malaikat-Na ngabekem sungut-sungut singa dugi ka teu tiasa kua-kieu ka abdi Gusti. Mantenna kersa maparin pitulung, wireh uningaeun yen abdi teu gaduh dosa, sareng ka Gusti ge henteu gaduh kaluluputan, nun Kangjeng Raja."

²³ Raja kacida bingaheunana. Tuluy nimbalan sangkan Daniel dikaluarkeun ti jero guha singa. Tuluy Daniel dikaluarkeun, sarta tetela salirana teu cecel teu bocel, lantaran pageuh ngandel ka Allah.

²⁴ Geus kitu raja marentah, sangkan jelema-jelema anu ngadukeun Daniel tea ditangkep, tuluy digebrus-gebruskeun kana guha singa tea, malah katut saanak pamajikanana. Memeh nepi ka dasar guha oge enggeus digabrugan, tulang-tulangna raremuk.

²⁵ Geus kitu Raja Darius ngadamel surat ka rahayat, sagala bangsa, seler-seler bangsa jeung basa-basa di dunya. Kieu ungelna: "Salam!

²⁶ Kami marentahkeun, sangkan di sakuliah karajaan kami, unggal jelema kudu neundeun kasieun jeung ngahormat ka Allahna Daniel! Anjeunna teh Allah anu jumeneng, tur baris

kawasa salalanggengna. Karajaana-Na moal beunang ditumpur. Kakawasaana-Na hamo aya sudana.

²⁷ Anjeunna kawasa nulung jeung ngajait. mintonkeun kaajaiban jeung kaahengan di sawarga jeung di bumi. Anjeunna geus ngaluputkeun Daniel ti singa-singa."

²⁸ Ari Daniel terus lulus mulus sapanjang pamarentahan Darius, kitu deui sapanjang pamarentahan Raja Kores urang Persia.

7 ¹ Dina taun kahiji Belsyasar jumeneng raja di Babul, dina hiji peuting kaula meunang impian jeung hiji tetenjoan. Eta impian ku kaula dituliskeun, sarta ieu laporanana

² hal tetenjoan kaula peuting harita: Angin ngagelebug ti unggal juru, niup ka sagara nepi ka sagara motah.

³ Pecenghul ti jero sagara aya nu unggah, opat rupa sato raksasa, bangunna beda-beda.

⁴ Nu kahiji siga singa, tapi jangjangan siga jangjang galudra. Sabot ku kaula diawas-awas, jangjangna laleupasan sarta eta sato kaangkat tina taneuh, terus sina nangtung ajeg, kawas jelema, tuluy diasupan akal manusa.

⁵ Sato nu kadua siga biruang, nangtung ku suku tukangna. Huntuna ngegel tilu tulang iga. Tuluy aya sora ngomong ka eta sato, pokna, "Sing jongjon, pek hakanan daging masing seubeuh!"

⁶Sabot ngawas-ngawas anu eta, bijil deui sato sejen. Rupana siga meong tutul, tapi dina tonggongna aya jangjangna opat, siga jangjang manuk. Eta sato huluna opat sarta semu kacida gagahna.

⁷Sabot kaula keur ngawaskeun, pecenghul sato anu kaopat. Rongkah, pikagilaeun, matak gimir. Mamangsanna remuk ku huntuna nu galede tina beusi, tuluy diidek-idek ku sukuna. Eta sato aya leuwihna ti anu tilu, tandukna aya sapuluh.

⁸Sabot eta tanduk ditelek-telek, bijil tandukna hiji deui, leutik, bijilna di tengah-tengah nu sapuluh, bari ngarungkadkeun tilu tanduk anu geus aya ti heula. Tanduk anu leutik teh aya mataan, siga panon manusa, jeung aya sungutan. Sungutna susumbar.

⁹Sabot kaula keur ngawas-ngawas, breh aya sababaraha tahta keur diteundeunan. Anu hiji dicalikan ku nu geus sepuh pisan, anggoanana bodas kawas salju, rambutna bodas lir bulu domba. Ari tahta-Na make kikiping tina seuneu hurung anu ngagedag-gedag.

¹⁰Ari seuneuna datangna ngocor tina tahta tea. Aya mangrebu-rebu jelema anu ngalaladenan ka Mantenna, sarta jutaan anu rajeg narangtung di payuneuna-Na. Geus kitu sidang pangadilan dimimitian, kitab-kitab dibuka.

¹¹Sabot kaula ngawas-ngawas, tanduk leutik tea masih kadenge susumbar nyombongkeun

maneh. Barang dilieuk, sato anu kaopat teh geus dipaehan, ari awakna dibalangkeun kana seuneu, diduruk nepi ka beak.

¹²Sato anu tilu deui tanagana geus dilumpuh-lumpuhkeun, tapi meunang keneh hirup sawatara lilana.

¹³Dina tetenjoan kaula peuting eta, kaula nenjo aya nu sumping dikuribeng ku mega, rupana sarupa jeung manusa, nyampeurkeun ka kaula, terus nyaketan ka Mantenna anu jumeneng langgeng sarta tuluy dikenalkeun ka Mantenna.

¹⁴Ti dinya anjeunna dipaparin kawasa, kahormatan jeung pangkat raja, sangkan disembah ku sakabeh bangsa, sakabeh seler bangsa, sabasana-sabasana. Kakawasaanana baris langgeng, karajaanana moal aya anggeusna.

¹⁵Kaula bingung ku eta tetenjoan, hate ngarasa teu jongjon.

¹⁶Ti dinya kaula ngadeukeutan salah saurang ti nu keur narangtung di dinya, tuluy menta keterangan tina hal eta. Anjeunna kersaeun nerangkeun.

¹⁷Saurna, "Eta sato-sato galede nu opat, nuduhkeun opat karajaan anu pingadegeun di bumi.

¹⁸Tapi umat Allah Nu Maha Agung baris dipaparin kakawasaan pikeun nyangking eta karajaan-karajaan salalanggengna."

¹⁹Saterusna kaula hayang terang naon hartina sato anu kaopat, anu beda ti nu tilu, sato anu matak gimir, anu huntuna beusi, kukuna tambaga, nu nyasaak jeung ngidek-ngidek mamangsanna tea.

²⁰Kitu deui tina hal tandukna anu sapuluh, jeung tandukna nu hiji deui, anu bijilna pandeuri bari mugurkeun tilu tanduk sejenna, anu mataan jeung sungutan bisa susumbar, anu leuwih matak gimir ti nu sejenna.

²¹Tapi sabot ku kaula keur diawaskeun, eta tanduk teh merangan ka umat Allah, malah bisa ngelehkeun.

²²Ti dinya sumping Mantenna nu jumeneng langgeng, tuluy mutuskeun yen umat Allah Nu Maha Agung anu bener. Mangsana geus cunduk umat Allah nampa kawasa pikeun marentah.

²³Tina perkara eta, kaula dibere keterangan kieu: "Sato anu kaopat, nuduhkeun karajaan nu kaopat, anu beda ti karajaan-karajaan sejenna. Eta karajaan baris ngagempur jeung ngidek-ngidek sakuliah dunya.

²⁴Tanduk anu sapuluh, nuduhkeun sapuluh raja anu marentah eta karajaan. Geus kitu aya deui hiji raja, beda ti nu tihareula, sarta bakal ngagulingkeun tilu raja.

²⁵Eta baris nangtang ka Allah Nu Maha Agung, sarta nindes ka umat Allah. Jeung baris tarekah ngarobah hukum-hukum agama jeung pesta-pesta kaagamaan umat Allah.

Tilu satengah taun lilana, umat Allah aya dina genggemanana.

²⁶ Geus kitu pangadilan sawarga nibankeun putusan, kakawasaan eta raja dirorod, tuluy ditumpur sama sakali.

²⁷ Ari kakawasaan jeung kaagungan sakabeh karajaan di bumi, baris diselehkeun ka umat Allah Nu Maha Agung. Ari kakawasaan karajaanana moal aya tungtungna, sarta kapala-kapala nagara di sajagat baris ngabakti sarta aranut ka maranehna."

²⁸ Ieu laporan anggeus nepi ka dieu. Kaula ngarasa sieun kabina-bina, nepi ka beungeut kaula pias. Eta kabeh ku kaula disidem di jero hate.

8 ¹Dina katilu taunna Belsyasar jumeneng raja, kaula meunang tetenjoan anu kadua.

²Dina eta tetenjoan, kaula ujug-ujug geus aya di jero kota Susan anu dikurilingan ku kuta, di propinsi Elam, nangtung di sisi Walungan Ulay.

³Di sisi eta walungan aya hiji domba jalu, tandukna dua paranjang, nu hiji leuwih panjang ti nu hiji deui.

⁴Eta domba, tandukna ngagadil ka kulon, ka kaler, jeung ka kidul. Sato-sato sejenna taya nu tagen, jeung taya nu bisa luput tina paneunggarna. Petana sakarep-karep, jeung ieu aing.

⁵ Sabot kaula heran mikiran pihartieunana, aya embe jalu ti kulon, lumpat tarik, sukuna mani teu napak kana taneuh. Tandukna hiji di antara matana, pohara wewegna.

⁶ Eta embe nyuruwuk satarikna nyampeurkeun ka domba jalu anu di sisi walungan tea,

⁷ sarta terus neunggar. Neunggarna bangun pohara ambekeunana, sataker tanaga, nepi ka tanduk eta domba jalu teh pingges duanana. Eta domba henteu kuat ngalawan, ngagulitik terus dileyek, taya nu bisaeun nulungan.

⁸ Eta embe beuki lila beuki ngajago. Tapi dina keur bebedasna, tandukna pugur. Tina urutna bijil deui opat tanduk nu aneh, masing-masing nyanghareupna beda jihat.

⁹ Tina salah sahiji tanduk nu opat tea, bijil deui hiji tanduk leutik. Kakawasaan ieu tanduk beuki ngalegaan, ka beulah kidul, ka beulah wetan, jeung ka Tanah Perjangjian.

¹⁰ Tanagana tambah kuat, mahi keur nempuh balad langit, nya eta bentang-bentang, nepi ka loba anu maruragan ka bumi, tuluy dileyek.

¹¹ Seug nangtang ka Panglima tentara langit. Kurban, anu biasana tara petot-petot disanggakeun ka anjeunna, ku eta dieuweuhkeun, Bait Allah diburak-barik.

¹² Sanggeus kitu jalma-jalma teh ti batan nyaranggakeun kurban anu geus diwajibkeun,

kalah ka nyarieun dosa, ibadah anu bener dipiceun dikataneuhkeun. Pamaksudan eta tanduk, kitu jadi, kieu jadi.

¹³ Geus kitu kadenge aya hiji malaikat nanya ka nu hiji deui, "Sabaraha pililaeunana hal-hal nu tempong dina eta tetenjoan teh? Rek sabaraha lilana kurban-kurban suci anu biasana kasanggakeun unggal poe kasilih ku dosa sakitu gedena? Sabaraha pililaeunana balad sawarga jeung Bait Allah diidek-idek?"

¹⁴ Malaikat nu hiji deui ngajawab, "Pililaeunana sarebu saratus lima puluh poe. Wanci sore, atawa isuk-isuk, moal aya nu nyanggakeun kurban. Geus kitu, kakara Bait Allah baris dipulihkeun deui."

¹⁵ Sabot kaula nyoba-nyoba ngahartikeun eta tetenjoan, ujug-ujug aya nu siga jelema nangtung di hareupeun.

¹⁶ Geus kitu aya soara cumeluk ti peuntaseun Walungan Ulay, pokna, "Jabrail! Tetelakeun ka manehna harti tetenjoanana."

¹⁷ Jabrail majeng tuluy ngadeg di gigireun kaula. Awahing ku sieun, bruk kaula sujud. Jabrail ngalahir, "He manusa sipat fana, maneh masing nyaho hartina! Eta tetenjoan ngagambarkeun panungtungan dunya."

¹⁸ Sabot anjeunna sasauran, leng kaula katuralengan terus rubuh. Tapi ku anjeunna dicepeng sarta dihudangkeun.

¹⁹ Anjeunna ngalahir, "Kami rek mere nyaho pibalukareun tina bendu-Na Allah.

Eta tetenjoan teh nuduhkeun waktu panungtungan.

²⁰Domba jalu nu katenjo ku maneh, nu tandukna dua, ngibaratkeun karajaan-karajaan Media jeung Persia.

²¹Embe jalu ngibaratkeun karajaan Yunani; tandukna nu weweg antara matana, nuduhkeun raja nu kahiji.

²²Tanduk opat anu bijilna sanggeus tanduk nu kahiji tea coplok, nuduhkeun timbulna opat karajaan, pecahan ti eta bangsa. Kakuatan masing-masing sahandapeun karajaan nu kahiji.

²³Sanggeus eta karajaan-karajaan tereh kana mangsana leungit, sarta kajahatanana beuki tambah, geus pasti baris dihukum. Sanggeus kitu tuluy ngadeg hiji raja anu tabeatna heuras, jahat, pinuh ku tipu daya.

²⁴Kakuatanana beuki rongkah, tapi lain kakuatan bawana sorangan. Eta raja baris ngajalankeun panumpesan anu pohara pikasieuneunana, tur sagala karepna ngajadi. Jalma-jalma anu garagah, nya kitu deui umat Allah, ku maneh bakal ditumpes.

²⁵Ku tina kapelitanana, sagala tipu dayana hasil. Seug manehna ngagulkeun maneh. Loba pisan jelema anu dibokong tuluy dibinasa ku manehna. Malah eta raja baris wani nangtang ka raja nu pangagungna, Rajaning raja-raja, tapi manehna anu bakal binasa. Binasana lain ku kakuatan manusia.

²⁶Eta tetenjoan ngeunaan kurban peuting jeung isuk-isuk anu geus diterangkeun ka maneh teh pasti baris kajadian. Tapi hal ieu ku maneh kudu dirahasiakeun heula, lantaran pijadieunana lila keneh."

²⁷Bawaning ku beurat mikiran eta, kaula nepi ka gering meunang sababaraha poe. Sanggeus cageur, tuluy digawe deui, ngalakonan papancen ti raja sakumaha sasari. Tapi hate teu daek tengtrem, mikiran eta tetenjoan anu weleh teu kaharti bae.

9¹Darius, putra Ahasweros, bangsa Media, jumeneng raja nyangking karajaan Babul.

²Dina taun kahiji sanggeusna anjeunna jeneng raja, kaula ngulik kitab-kitab agama, sarta mikiran Yerusalem anu geus diramal baris pijadieun ruruntuk tujuh puluh taun, sakumaha pangandika PANGERAN ka Nabi Yermia tea.

³Kaula jumerit ka Gusti Allah, sasambat, puasa, make papakean karung, diuk dina lebu.

⁴Sagala dosa bangsa kaula diunjukkeun ka PANGERAN, Allah panutan kaula. Kieu piunjuk kaula, "Nun Allah, Gusti Nu Agung! Abdi sadaya hormat ka Gusti. Gusti tigin kana jangji, satia asih ka nu nyaraah ka Gusti, tur ngestokeun kana sugri timbalan Gusti.

⁵Abdi sadaya rumaos dosa, jahat, lepat lampah. Parantos mungpang kana timbalan, baha kana aturan-aturan Gusti anu leres.

⁶Teu ngagarugu kana pisaur para abdi Gusti, nabi-nabi nu ngadongkapkeun timbalan-timbalan Gusti ka abdi sadaya, ka raja-raja, ka kapala-kapala, ka karuhun-karuhun, ka sakumna bangsa.

⁷Gusti teh nun Pangeran, salamina bener tur adil, sawangsulna abdi-abdi, tingkah laku mung nungtun kana kahinaan sorangan. Sapertos nu buktos ayeuna, nu kaalaman ku abdi-abdi, boh nu di Yudea, boh nu di Yerusalem, boh sabangsa Israil anu ku Gusti dipabalencarkeun di nagri-nagri nu tebih nu caket, lantaran teu satia ka Gusti.

⁸Raja-raja, kapala-kapala, sareng karuhun-karuhun abdi sadaya lampahna ngerakeun, doraka bae ka Gusti, nun Pangeran.

⁹Nanging sanaos abdi-abdi ngalawan, Gusti henteu weleh mikawelas, henteu weleh ngahapunten.

¹⁰Ditimbalan kedah hirup numutkeun hukum anu didongkapkeun ku para abdi Gusti nabi-nabi, abdi-abdi teu ngagugu bae.

¹¹Rumaos, bangsa Israil parantos sami ngarempak papakon Gusti. Sugri timbalan Gusti teu aya anu diturut. Abdi-abdi parantos milampah dosa, nu mawi ku Gusti dikeunaan panyapa ti nu kaserat dina Hukum Musa, abdi Gusti tea.

¹²Gusti ngabuktoskeun timbalan anu ditimbalkeun ka abdi-abdi sareng ka pamingpin-pamingpin. Yerusalem ku Gusti

dihukum, langkung abot ti batan hukuman ka kota-kota sanesna di dunya.

¹³Sagala rupi hukuman anu diserat dina Hukum Musa, ditibankeun sadayana ka abdi-abdi. Nanging dugi ka wangkid ieu, nun PANGERAN Allah abdi sadaya, abdi-abdi embung keneh bae ngabingahkeun manah Gusti, embung tobat, embung ngalakonan anu bener ti Gusti.

¹⁴Nun PANGERAN, Allah abdi sadaya, Gusti parantos ngahukum abdi sadaya ku hukuman anu ku Gusti parantos disayagikeun, ku margi henteu nurut ka Gusti, sareng ku margi Gusti mah salamina oge midamel anu leres.

¹⁵Nun Gusti, Allah abdi sadaya! Gusti parantos mintonkeun kakawasaan, ngabudalkeun umat Gusti ti Mesir. Eta kakawasaan Gusti kapieling dongkap ka kiwari. Abdi-abdi rumaos parantos dosa, rumaos parantos lepat.

¹⁶Jaman kapungkur Gusti ngabelaan ka abdi-abdi, ku margi kitu mugi ulah kateterasan ngabenduan Yerusalem, kota kagungan Gusti, gunung suci Gusti. Ku karana dosa abdi-abdi sareng ku karana kajahatan karuhun abdi-abdi, Yerusalem sareng umat Gusti dongkap ka dihina-hina ku nagri-nagri tatangga.

¹⁷Nun Allah, dangukeun paneda sareng panyambat abdi. Bait Gusti anu parantos rugrug mugi diadegkeun deui, pulihkeun deui,

supados jalmi-jalmi tarerang yen Gusti teh Allah.

¹⁸Dangukeun nun Allah. Tingali abdi sadaya. Tingali kasangsaraan abdi sadaya sareng kasangsaraanana kota anu nganggo jenengan Gusti. Ieu sadaya wantun kapiunjuk, sanes ku margi abdi-abdi parantos bener kalakuan, mung ku jalaran Gusti teh welas asih.

¹⁹Nun Gusti dangukeun. Mugi kersa ngahapunten. Panyambat mugi dimakbul, supados jalmi-jalmi tarerang yen Gusti teh Allah. Mugi ulah dilamikeun deui, margi eta kota sareng bangsa teh kagungan Gusti."

²⁰Kaula terus keneh neneda, ngakukeun dosa sorangan jeung dosa bangsa kaula, Israil. Jeung nyuhunkeun mugi PANGERAN Allah kaula kersa ngadegkeun deui Bait Allah, gedong-Na nu suci.

²¹Sabot kaula keur neneda, Jabrail anu kungsi katenjo dina tetenjoan nu ti heula, lungsur ngalayang ka lebah kaula. Harita teh geus waktuna ngahaturkeun kurban peuting.

²²Anjeunna ngalahir, "Daniel, kami datang seja nulung, supaya maneh nyaho harti eta ramalan.

²³Waktu maneh mimiti prak neneda, Allah geus ngawaler, Mantenna nyaah ka maneh. Ku sabab eta kami ka dieu, rek nepikeun walerana-Na. Ieu regepkeun pertelaan hal tetenjoan maneh tea.

²⁴Tujuh kali tujuh puluh taun enggeus dipatok ku Allah, pililaeunana mangsa geusan ngabebaskeun bangsa maneh jeung kota suci tina dosa jeung kajahatanana. Dosana baris dihampura. Kaadilan langgeng baris ngadeg, eta tetenjoan kitu deui piwejang nabi-nabi tea bakal bukti, sarta Bait Allah anu suci dibaktikeun deui ka Pangeran.

²⁵Catet jeung pahamkeun ku maneh: Ti semet kaluar parentah ngawangun deui Yerusalem, nepi ka aya hiji pamingpin anu dipilih ku Allah, lilana teh tujuh kali tujuh taun. Ti dinya Yerusalem baris diadegkeun deui jeung jalan-jalanna katut benteng-bentengna anu tohaga. Piumureunana tujuh kali genep puluh dua taun, tapi eta jaman teh pinuh ku kasusahan.

²⁶Sanggeus tutup mangsa eta, pamingpin pilihan Allah tea bakal aya nu maehan kalawan taya salahna. Kota jeung Bait Allah baris dibasmi deui, ditempuh ku balad hiji raja gagah. Eta mangsa nu panutup datangna lir banjir anu ngadatangkeun peperangan jeung karuksakan, anu geus dirarancang ku Allah.

²⁷Eta raja bakal ngayakeun perjangjian anu teguh jeung jalma loba. Kaayaan kitu lilana tujuh taun. Tapi sanggeus eta waktu kajalanan satengahna, eta raja teh bakal ngeureunkeun sagala kurban jeung pangbakti ka Pangeran. Hiji lambang anu pikasieuneun

anu disebutna si Pikasieuneun, baris dipasang di puncak Bait Allah, sarta tetep ayana di dinya, nepi ka jelema anu masangkeunana nepi kana ahir ajalna, anu geus ditangtukeun ku Allah."

10¹ Dina taun katilu Kores jumeneng raja Persia, Daniel, anu katelah Beltesasar tea, diebrehan deui pangandika. Eta pangandika teh ngeunaan perkara nu pijadieun saenyana, tapi hese pisan dihartikeunana. Kaalamanana ku Daniel dina hiji titingalian.

² Harita teh kaula keur tirakat meunang tilu minggu.

³ Teu dahar nu ngeunah-ngeunah, teu dahar daging, teu nginum anggur, teu nyisiran, nepi ka tutup tilu minggu.

⁴ Dina tanggal dua puluh opat bulan kahiji taun eta, kaula keur nangtung di sisi hiji walungan gede, Walungan Tigris.

⁵ Ana tanggah, nenjo aya jelema, panganggona kaen lenen jeung make beubeur emas murni.

⁶ Salirana cahayaan kawas permata. Rarayna gumebyar kawas cahaya kilat, socana ngagebur siga seuneu. Panangan jeung sampeanana gugurilapan kawas tambaga meunang ngagosok, soarana ngaguruh kawas sora rebuan jelema.

⁷ Eta tetenjoan katenjona ngan ku kaula. Jelema-jelema sejen mah anu harita

babarengan, teu narenjoeun naon-naon. Tapi maranehna lalumpatan terus nyarumput, bangun kacida sarieuneunana.

⁸Kari kaula bae sorangan, ngawas-ngawas eta tetenjoan anu ajaib. Tanaga musna, beungeut sepa pias nepi ka moal aya nu wawuheun.

⁹Komo barang ngadenge gentrana, leng bae katuralengan, terus ngarumpuyuk nyuksruk kana taneuh.

¹⁰Tuluy aya leungeun nyekel ka kaula, ngajungjungkeun nepi ka leungeun jeung tuur kaula kaangkat; kaula angger ngadaregdeg.

¹¹Eta malaikat ngalahir, "Daniel, Allah asiheun ka maneh. Hudang, kami rek nyarita, regepkeun sing bener. Kami teh dipiwarang nepungan maneh." Sanggeus anjeunna sasauran kitu, kaula tuluy nangtung bari ngadaregdeg.

¹²Saurna deui, "Tong sieun, Daniel! Paneda maneh, ti poe mimiti keneh oge, ti barang maneh ngarendahkeun diri lantaran hayang jadi bijaksana, ku Allah enggeus didangu. Kami datang ayeuna, ngajawab paneda maneh.

¹³Kami dilawan ku malaikat pangawal karajaan Persia, nepi ka dua puluh hiji poe. Tapi datang Mikail, salah sahiji pamingpin malaikat, ngabantuan kami, da tadina kami ngan sorangan di Persia teh.

¹⁴Ayeuna kami datang supaya maneh bisa ngarti kana hal anu bakal kasorang ku bangsa maneh ka hareup. Tetenjoan anu ayeuna teh anyar, nembongkeun pikahareupeun."

¹⁵Sajeroning anjeunna ngalahir kitu, kaula mah ngeluk bae bari teu kecet-kecet.

¹⁶Eta malaikat, anu katembongna siga jelema, ngulurkeun pananganana nyabak biwir kaula. Tuluy kaula unjukan, "Juragan, ku ieu titingalan abdi dugi ka ngadaregdeg laleuleus,

¹⁷teu benten ti hiji jalma beulian di payuneun dununganana. Kumaha tiasana nyanggem ka Juragan? Karaosna laleuleus sareng areungap."

¹⁸Ceg Anjeunna nyepeng deui, seug karasa awak jadi kuat meueusan.

¹⁹Ari saurna, "Allah teh ka maneh asiheun. Teu kudu rentag, teu kudu sieun." Sanggeus anjeunna sasauran kitu, awak karasana beuki tambah kuat. Tuluy unjukan, "Kasauran Juragan matak teger. Mangga bade nyaurkeun naon?"

²⁰(10: 20-21) Ari lahiranana, "Nyaho naon cik sababna kami nepungan maneh? Arek nembongkeun ka maneh sakur anu geus ditulis dina Kitab Kayaktian. Ayeuna kami kudu balik deui, rek tarung jeung malaikat pangawal karajaan Persia. Sanggeus kitu baris datang malaikat pangawal nagri Yunani.

Moal aya nu bakal nulungan kami, kajaba ti Mikail, malaikat pangawal Israil.

²¹ (10: 20)

11 ¹Anjeunna nu wajib mantuan jeung ngabelaan ka kami.

²Ari ieu, anu rek dicaritakeun ku kami teh estu saenyana." Malaikat ngalahir kieu, "Aya tilu raja deui anu baris nyangking Persia. Tuluy deui nu kaopat, anu leuwih beunghar ti nu sejen-sejen. Dina puncak kakawasaan jeung kabeungharanana baris nangtang ka karajaan Yunani.

³Geus kitu baris aya hiji raja gagah, pinyangkingeun hiji karajaan anu lega kabina-bina, sarta ngalajur sagala karepna.

⁴Tapi dina puncak kajayaanana, karajaanana baris pecah jadi opat bagian, dicangkingna lain ku turunanana, sarta kakuatanana teu mapakan ka manehna.

⁵Raja Mesir bakal jadi kuat. Tapi aya panglimana saurang anu leuwih kuat ti eta raja, baris nyangking hiji karajaan anu leuwih gede.

⁶Sanggeus sawatara taun, raja Mesir baris ngayakeun beungkeutan jeung raja Siria, sarta ngadahupkeun putrina ka raja Siria. Tapi eta beungkeutan teh moal lila umurna, sabab eta putri jeung salakina katut anakna, kitu deui para abdina anu ngalanteur, baris diparaehan.

⁷ Teu lila ti harita, salah sahiji baraya eta putri baris aya nu jadi raja. Tuluy nempuh ka balad raja Siria, sarta hasil bisa asup ka benteng tur bisa ngelehkeun.

⁸ Arca-arca dewa eta bangsa, kitu deui paparabotan tina emas jeung perak anu geus dibaktikeun ka eta dewa-dewa, ku manehna diakut ka Mesir. Sanggeus kitu, meunang sababaraha taun euweuh perang.

⁹ Ti dinya raja Siria baris ngabales nempuh ka Mesir, tapi bisa diusir.

¹⁰ Anak-anak raja Siria mepek deui balad loba pisan. Anu saurang terus nempuh, datangna lir banjir, narajang hiji benteng musuhna.

¹¹ Raja Mesir panas, tuluy indit merangan Siria; balad Siria anu sakitu lobana beunang katawan.

¹² Lantaran perangna unggul tur bisa maehan prajurit musuh sakitu lobana, raja Mesir teh agul. Tapi eta kaunggulanana teh moal awet.

¹³ Raja Siria baris merangan deui, baladna leuwih loba ti nu enggeus. Mangsa waktuna geus cunduk, baris ngabales narajang, baladna loba pisan tur lengkep pakarangna.

¹⁴ Loba pisan jelema anu baris barontak ka raja Mesir. Aya sababaraha urang bangsa maneh, Daniel, anu adatna barangasan milu barontak, dumeh geus narenjo hiji tetenjoan. Tapi maranehna bakal katumpes.

¹⁵Eta raja Siria baris ngepung hiji kota anu reugreug bentengna nepi ka bisa kajabel. Prajurit-prajurit urang Mesir teu kuat neruskeun jurit, pasukan petinganana geus beak kakuatanana.

¹⁶Urang Siria anu nempuhna bisa sakumaha karep ka maranehna, taya nu bisa mapalangan. Malah eta raja teh bakal ngalindih Tanah Perjangjian, ngawasaan sageblengna.

¹⁷Raja Siria baris nginditkeun sakabeh baladna. Satuluyna, sangkan bisa ngawasaan karajaan musuhna, manehna ngajak ngahiji ka eta raja sarta mikeun anakna anu awewe sina dikawin. Tapi maksudna baris gagal.

¹⁸Geus kitu manehna bakal narajang ka bangsa-bangsa nu caricing di basisir laut sarta loba anu dielehkeun. Tapi manehna baris kasoran ku hiji pamingpin bangsa asing nepi ka teu bisa adigung deui, sarta kaadigunganana bakal dibales.

¹⁹Eta raja baris balik deui ka benteng-benteng di nagrina sorangan. Tapi di dinya eta raja baris kasoran sarta tinemu jeung panungtungan ajalna.

²⁰Manehna baris diganti ku raja sejen, anu bakal nitah hiji pajabatna ngagencet rahayatna ku pajeg-pajeg, geusan nambahana kakayaan karajaanana. Tapi moal lila deui eta raja bakal aya nu maehan, teu kanyahoan ku umum jeung lain di pangperangan."

²¹ Malaikat tea neruskeun sasauranana, "Nu baris jadi gaganti raja Siria teh, hiji jalma jahat tur euweuh hakna jadi raja. Tapi kalawan teu disangka-sangka, manehna baris ngandih karajaan ku jalan tipu daya.

²² Saha bae anu henteu satujuan jeung manehna, sanajan Imam Agung istrenan Allah, tangtu disapu beresih nepi ka musna.

²³ Ku jalan tipu daya, baris loba bangsa-bangsa anu kacidraan, ari dirina baris tambah-tambah kuat, padahal manehna teh ngan nyangking hiji bangsa anu leutik.

²⁴ Kalawan teu mere nyaho heula, manehna baris ngarurug hiji propinsi anu subur. Jeung bakal nyieun kajahatan-kajahatan, anu ku karuhun-karuhunna ge tara dilampahkeun. Barang-barang jeung harta beunangna ngarampas ti pangperangan ku manehna dibagi-bagikeun ka para panganutna. Karepna masih keneh arek terus ngarurug benteng-benteng batur. Tapi kajayaan manehna geus tereh enggeusan.

²⁵ Bari gede kawani, manehna baris nyusun hiji balad gede, geusan narajang raja Mesir, anu geus taki-taki rek ngayonan, tur baladna gede jeung rongkah. Tapi raja Mesir bakal gagal, lantaran dihianatan.

²⁶ Ku para panasehatna anu pangdeukeutna, anu harayangeun ngagulingkeun manehna. Prajurit-prajuritna loba anu paraeh, baladna kasapu.

²⁷ Satuluyna eta dua raja baris bareng dahar sameja reujeung, tapi masing-masing ngandung niat dengki jeung silih bohongan. Duanana moal hasil kahayangna, lantaran acan mangsana.

²⁸ Geus kitu raja Siria baris mulang deui ka nagrina, bari mawa barang jarahan, tekadna rek ngabasmi agama umat Allah. Lampahna bakal sakarep-karep, sanggeus kitu manehna baris mulang ka nagrina sorangan.

²⁹ Dina hiji mangsa manehna baris nempuh deui Mesir. Tapi harita mah temahna baris tibalik, beda ti nu ti heula,

³⁰ lantaran diayonan ku balad Rum nu daratangna make kapal-kapal, nepi ka manehna ngarasa gimir. Ti dinya manehna mulang bari ambek. Manehna tuluy bakal ihtiari numpes agama umat Allah, bakal nurutkeun nasehat jalma-jalma anu geus naringgalkeun eta agama.

³¹ Pasukanana sawareh bakal dititah nganajiskeun Bait Allah. Maranehna bakal ngeureunkeun kurban-kurban poean, sarta bakal masangkeun brahala anu disebutna si Pikasieuneun.

³² Ku akal pelitna eta raja baris dibantu ku jelema-jelema nu geus naringgalkeun agamana, beunangna ngolo-ngolo. Tapi umat anu tetep aranut ka Allah bakal malik ngalawan.

³³ Loba anu dididik ku pamingpin-pamingpinna anu barijaksana. Tapi pikeun sawatara waktu mah sawareh bakal tariwas dina perang, atawa diduruk nepi ka paraeh, sawareh deui bakal dirampogan jeung ditawan.

³⁴ Waktu eta jagalpati lumangsung, umat Allah bakal meunang pitulung saeutik; tapi ti antara anu mantuanana loba anu ngan kajurung ku kapentinganana sorangan.

³⁵ Sawatara pamingpin-pamingpinna anu bijaksana nemahan pati. Tapi jadina alus, sabab eta umat jadi beresih. Kituna teh nepi ka datang poe panungtungan, anu geus diatur ku Allah.

³⁶ Raja Siria tea baris terus sawenang-wenang jeung nyombongkeun maneh. Ceuk pangrasana manehna leuwih agung ti batan dewa nu mana oge, malah jeung Allah Nu Maha Agung ge pangrasana luhur keneh manehna. Kikituanana laluasa pisan, nepi ka datang mangsana baris dihukum ku Allah. Allah baris ngalaksanakeun sagala perkara anu geus ditangtukeun.

³⁷ Eta raja bakal nyabodokeun ka dewa pujaan karuhun-karuhunna, kitu deui ka dewa pujaan kaom wanita. Kawantu sagala dewa ge ku manehna mah euweuh nu diajenan, lantaran pangrasana manehna leuwih ti dewa-dewa.

³⁸Tapi teu burung aya nu ku manehna dihormat, nya eta dewa pangaping benteng-benteng. Eta dewa anu lain sesembahan karuhunna, ku manehna dibaktian emas, perak, permata, jeung lian-lianna deui barang nu marahal.

³⁹Pikeun ngajaga benteng-bentengna, manehna baris ngagunakeun jalma-jalma anu nyarembahna ka dewa-dewa bangsa asing. Jalma-jalma anu ngaku kana kakawasaanana, ku manehna diganjar kahormatan, pangkat luhur, jeung tanah.

⁴⁰Sanggeus deukeut kana mangsa panungtungan, eta raja Siria baris ditempuh ku raja Mesir. Tapi manehna baris ngabales, ngetrukkeun sagala kakuatanana, kareta-kareta perang, pasukan-pasukan kuda, jeung kapal-kapal. Loba nagri anu bakal ditempuh ku manehna, nempuhna lir cai caah narajang.

⁴¹Malah ka Tanah Perjangjian oge bakal narajang, maehan puluhan rebu jelema. Tapi nagri Edom, Moab, jeung bagian penting nagri Amon salamet.

⁴²Waktu manehna narajang nagri-nagri, Mesir oge teu kaliwat.

⁴³Rajabrama pependeman bangsa Mesir, emas, perak, kitu deui harta lianna anu marahal, beunang kajabel. Libia jeung Sudan oge bakal eleh ku manehna.

⁴⁴Geus kitu datang beja-beja ti wetan jeung ti kaler, anu bakal ngageumpeurkeun hatena,

ngalantarankeun perangna beuki telenges, jalma-jalma nu ditumpes kacida lobana.

⁴⁵ Malah manehna bakal masang kemah-kemah karajaanana di antara laut jeung gunung tempat ngadegna Bait Allah. Tapi ahirna manehna bakal paeh, tur euweuh anu nulungan saurang-urang acan."

12¹ Malaikat nu anggoanana tina lawon lenen ngalahir deui, "Harita, malaikat agung Mikail anu ngaping bangsa maneh baris nembongan. Tuluy bakal aya jaman suker anu pangpoharana, anu can kungsi kasorang ti barang bangsa-bangsa gumelar. Lamun eta jaman geus datang, kabeh jelema ti bangsa maneh, anu ngaran-ngaranna geus dicatat dina Kitab Allah, baris disalametkeun.

²Loba anu geus paraeh bakal harirup deui, sawareh bakal genah hirup langgeng, sawareh deui bakal nandangan kahinaan salalanggengna.

³Para pamingpin nu bijaksana bakal cahayaan lir cahaya caangna langit. Anu ka jalma-jalma geus ngawurukan sangkan ngalampahkeun anu bener, bakal mencrang lir bentang-bentang, salalanggengna."

⁴Saurna deui, "Daniel, ayeuna tutupkeun eta kitab, tuluy segel sing rapet nepi ka ahir jaman. Sajeroning kitu bakal loba jelema anu nyoba-nyoba ngahartikeun hal-hal anu eukeur kajadian, tapi cumah moal hasil."

⁵Geus kitu kaula nenjo aya dua jelema di sisi walungan, peuntas ditu saurang, peuntas dieu saurang.

⁶Nu saurang nanya ka malaikat nu nangtungna rada jauh di beulah girang, "Iraha pianggeuseunana eta kajadian-kajadian nu ajaib teh?"

⁷Eta malaikat nadahkeun panangan duanana ka langit, tuluy sumpah nyebut jenengan Allah Nu Langgeng, saurna, "Lilana bakal tilu taun satengah. Upama panganiayaan ka umat Allah geus eureun, sakabeh perkara nu tadi oge tangtu anggeus."

⁸Kadenge ku kaula ari lahiranana mah, tapi teu kaharti. Jadi pok kaula nanyakeun, "Nanging, Juragan, ahirna teh kumaha?"

⁹Waleranana, "Daniel, ayeuna mah leuwih hade maneh mulang bae. Sabab eta pangandika teh kudu dirasiahkeun nepi ka ahir jaman.

¹⁰Loba jalma anu bakal diuji disina murni. Jalma-jalma nu jarahat moal ngalartieun sarta bakal terus jarahat. Ngan anu barijaksana anu baris ngaharti.

¹¹Ti semet kurban-kurban poean tea dieuweuhkeun, nya eta ti waktu dipasangkeunana si Pikasieuneun, lilana 1.290 poe.

¹²Bagja jalma-jalma tetep satia nepi ka poe anu ka 1.335.

¹³Ari maneh, Daniel, muga sing tetep satia
tepi ka ahir. Maneh bakal maot, tapi baris
hirup deui geusan narima ganjaran di ahir
jaman."

Hosea

1 ¹Ieu pangandika PANGERAN, anu ditimbalkeun ka Hosea putra Beri, waktu karajaan Yuda patuturut dirajaan ku raja-raja Usia, Yotam, Ahas jeung Hiskia, sarta karajaan Israil dirajaan ku Yarobam putra Yoas.

²Basa PANGERAN mimiti ngandika ka Israil nganggo perantaraan Hosea, kieu timbalana-Na ka Hosea, "Maneh kudu kawin ka hiji awewe; engkena eta pamajikan maneh moal satia. Anak-anak maneh ge bakal cara tabeat indungna. Karana nya kitu kalakuan umat Kami teh, geus naringgalkeun Kami, teu saratia."

³Tuluy Hosea nikah ka hiji wanita ngaran Gomer, anak Diblaim. Sanggeus anakna nu kahiji lahir, lalaki,

⁴Hosea ditimbalan ku PANGERAN, kieu timbalana-Na, "Eta budak ngaranan Yisrel. Sabab sakeudeung deui Kami rek ngahukum raja Israil, geusan nebus pati Yisrel anu dipaehan ku Yehu, karuhun eta raja, di Yisrel. Turunan Yehu ku Kami rek dicabut hakna teu meunang ngarajaan deui.

⁵Angkatan perang raja Israil ku Kami rek ditumpes di Lebak Yisrel."

⁶Gomer boga deui anak, nu kadua. Nu ayeuna mah awewe. Timbalan PANGERAN ka Hosea, "Eta ngaranna Lo-Ruhama (hartina: Teu Dipikawelas), sabab sakeudeung deui Kami moal mikawelas deui ka umat Kami Israil, sumawonna ngahampura.

⁷Tapi urang Yuda mah tetep dipikawelas, rek dirahayukeun ku Kami, PANGERAN, Allahna. Ngarahayukeunana lain ku jalan perang, lain ku pedang atawa gondewa katut jamparing, lain kuda jeung nu tarumpak kuda."

⁸Sanggeus Lo-Ruhama disapih nyusu, Gomer ngandeg deui. Sanggeus ngajuru, anakna lalaki.

⁹Lahiran PANGERAN ka Hosea, "Eta ngaranna Lo-Ami (hartina: Lain Umat Kami), geusan nandakeun yen Israil geus lain umat Kami deui. Kami lain Allahna."

¹⁰Bangsa Israil bakal ngalobaan lir keusik lautan, moal kataker moal kaitung. Timbalan Allah ayeuna ka maranehna, "Maraneh lain umat Kami," tapi baris aya hiji mangsa PANGERAN bakal nimbalan kieu: "Maraneh teh putra-putra Allah anu jumeneng!"

¹¹Bangsa Yuda jeung bangsa Israil baris dihijkeun deui. Maranehna bakal milih hiji pamingpin tunggal pikeun mingpin maranehna, sarta bakal ngajembaran tur hirupna baris mukti deui di nagrina. Satemenna, poean Yisrel baris jadi poe anu agung.

2 ¹Ku sabab kitu, sasama maranéh urang Israil kudu disebut "Umat Allah" jeung "Dipikawelas".

²Barudak, pepelingan indung maranéh, sanajan geus henteu jadi pamajikan Kami deui sarta Kami geus lain salakina deui. Pepelingan, ulah ngaranyed deui, ulah ngalacurkeun diri deui.

³Mun teu euih-euih, ku Kami rek dirangsadan, sina sataranjang bulucun cara keur barang dijurukeunana. Rek disina jadi saperti tanah anu nya keeng jeung angar, sina paeh kahalabhaban.

⁴(2: 4-5) Kami moal mikarunya ka anak-anakna, anak-anak awewe palacuran anu teu boga kaera. Manehna sorangan anu nyebutkeun, "Ah, rek manggihan kabogoh-kabogoh, anu ka aing mere dahareun, inumeun, bulu domba jeung lawon linen, minyak jetun jeung anggur."

⁵(2: 4)

⁶Ku sabab kitu manehanana ku Kami arek dikurung ku rungkun cucuk, jalanna arek dipager ku tembok.

⁷Manehna bakal ngudag kabogoh-kabogohna, tapi moal kaudag. Hayang papanggih, tapi moal papanggih. Geus kitu manehna tangtu ngomong, "Mending balik deui ka salaki aing nu ti heula; bareto mah aing leuwih senang ti batan ayeuna."

⁸ Manehanana pamohalan ngaku, yen boga gandum, anggur jeung minyak jetun soteh, kitu deui perak jeung emas anu ku manehanana dipake ngabakti ka Baal, pamere Kami.

⁹ Ku sabab kitu, gandum jeung anggurna, anu baris dipanen ti lahan pamere Kami, dina usumna ku Kami rek dicokotan deui. Kitu deui bulu domba jeung lawon linen keur bahan pakeeunana, eta ge rek dicokotan deui.

¹⁰ Ku Kami rek ditaranjangan di hareupeun kabogoh-kabogohna, moal aya nu bisaeun nulungan manehna tina kakawasaan Kami.

¹¹ Sagala pepestaan, anu taunan, anu bulanan, poe-poe Sabatna, sagala rupa upacara kaagamaanana ku Kami arek dieureunkeun sama sakali.

¹² Tangkal-tangkal anggurna, tangkal-tangkal kondangna, anu carekna mah pamere kabogoh-kabogohna upah ngalayanan maranehna, ku Kami arek dibasmi. Kebon anggurna jeung kebon bubuhanana rek dijieun leuweung, sina beak diruksak ku sato alas.

¹³ Manehna baris dihukum, ku Kami, lantaran sering neler-neler Kami saban meuleum menyan pikeun Baal, jeung saban make perhiasan sarta neang kabogoh-kabogohna. Kitu pangandika PANGERAN.

¹⁴ Manehna ku Kami rek dibawa deui ka gurun keusik. Di ditu rek dilelemu ku omongan anu nandakeun kaasih.

¹⁵ Kebon anggurna rek dibikeun deui, sarta Lebak Kasusahan rek dijadikeun lawang pangharepan. Di dinya manehna tangtu nurut deui ka Kami cara keur ngorana, basa manehna kakara datang ti Mesir tea.

¹⁶ Manehna baris ngaku deui salaki ka Kami, moal nganggap deui Kami teh Baal, brahala manehanana.

¹⁷ Ku Kami moal diidinan nyebut-nyebut deui ngaran Baal.

¹⁸ Dina waktu eta Kami arek nyieun jangji jeung sato-sato alas jeung manuk-manuk, sangkan teu ngagaranggu ka umat Kami. Malah sakabeh parabot perang, sakabeh pedang jeung gondewa, ku Kami rek disingkirkeun ti eta tanah, sangkan umat Kami tengtrem-tingtrim santosa hirupna.

¹⁹ Israil! Maneh ku Kami rek dipigarwa. Kami seja satuhu satia. Mikawelas mikaasih mo aya laasna, seja mihukum salalanggengna.

²⁰ Kami moal jalir jangji, maneh teh pupujan Kami. Maneh oge nya kitu baris ngaku yen Kami teh PANGERAN.

²¹ (2: 21-22) Dina waktu eta Kami rek ngabulkeun paneda umat Kami Israil. Hujan rek diturunkeun ka bumi, sarta bumi bakal ngahasilkeun gandum, buah anggur jeung buah jetun.

²² (2: 21)

²³ Umat Kami baris tetep maratuh di lemah caina, sina marukti hirupna. Maranehna, anu tadina disebut "Teu Dipikawelas", rek dipikawelas. Anu tadina disebut "Lain Umat Kami", rek disebut "Maraneh teh umat Kami". Sarta jawab maranehna: "Gusti teh Allah sim abdi."

3 ¹PANGERAN ngandika ka kaula, "Maneh kudu indit deui, sarta tembongkeun kacintaan ka hiji awewe nu keur jinah jeung kabogohna. Eta awewe pikanyaah ku maneh, saperti Kami tetep mikanyaah ka urang Israil sanajan maranehna geus malik ka allah-allah sejen jeung sok ngabaktikeun kismis ka brahala-brahala."

²Tuluy eta awewe ku kaula dibeuli. Hargana lima belas uang perak, ditambah ku saratus lima puluh kilo gandum.

³Ku kaula eta awewe diomongan yen kudu ngadagoan kaula dina waktu anu lila, sarta ulah lacur atawa jinah deui. Salila eta sim kuring oge baris ngadagoan.

⁴Nya kawas kitu kaayaan bangsa Israil; lila pisan maranehna kudu hirup tanpa raja atawa pamingpin, tanpa kurban atawa tugu-tugu karamat, tanpa arca-arca atawa brahala paragi ngaramal.

⁵Tapi bakal datang mangsa, urang Israil tarobat deui ka PANGERAN Allahna, sarta baris satia ka rajana ti turunan Daud. Harita

maranehanana bakal sarieun ku PANGERAN,
sarta baris nampa berkah-berkah Mantenna.

4¹ PANGERAN kagungan tudingkeuneun
ka jalma-jalma di ieu tanah. Regepkeun
ku maneh, Israil! Kieu pangandika-Na, "Di
ieu nagri geus euweuh anu satia, euweuh
nu boga kanyaah. Kami ku ieu bangsa geus
henteu diaku Allah.

2 Maranehna gampang jangji, tapi gampang
cidra. Ngabarahong, maraahan, maraling,
jararinah. Kajahatan nerekab, jeung rajapati
pasusul-susul.

3 Ku sabab kitu ieu tanah bakal garing.
Sagala rupa anu jadi di dinya bakal paraeh.
Sasatoan, manuk, malah lauk-lauk, bakal
pararaeh kabeh."

4 Timbalan PANGERAN, "Maraneh imam-
imam, ulah aya anu nyalahkeun ka rahayat
atawa ngaweweleh maranehna. Anu rek
disalahkeun ku Kami teh maraneh.

5 Beurang peuting maraneh nyieun
kasalahan, kitu keneh nabi-nabi taya
mendingna ti maraneh. Kami baris ngabasmi
Israil, indung maraneh.

6 Maraneh imam-imam, geus teu ngaraku ka
Kami, geus nolak Kami, miceun pangajaran
Kami, ngajadikeun umat Kami cilaka lantaran
maranehna ge jadi teu ngaraku ka Kami. Ku
sabab kitu maraneh ge ku Kami rek ditolak,
sarta anak-anak maraneh moal diaku yen jadi
imam-imam Kami.

⁷ Maraneh beuki loba nu jaradi imam, beuki loba dosa ka Kami. Ku sabab kitu kaayaan maraneh ku Kami rek dijieu n tibalik tina mulya jadi hina.

⁸ Maraneh jadi baleunghar ku karana dosa umat Kami. Ku kituna kahayang maraneh mah umat Kami teh sing tambah-tambah dosana.

⁹ Maraneh bakal nandangan hukuman sakumaha anu keuna ka rahayat. Rek dihukum satimpal jeung kajahatan maraneh.

¹⁰ Maraneh bakal ngakan bagian maraneh tina kurban, tapi angger bakal lapar keneh. Maraneh bakal ngabakti ka dewa-dewa kasuburan, harayang boga anak, tapi tetep maraneh moal baroga anak, lantaran geus miceun Kami, maruja ka allah-allah sejen."

¹¹ Timbalan PANGERAN, "Anggur anyar, anggur kawak, geus ngaleungitkeun akal waras umat Kami!

¹² Maranehna marenta pituduh ka kayu sateukteuk! Ngumaha ka iteuk menta pituduh! Geus naringgalkeun ka Kami, masrahkeun diri ka para dewa, saperti awewe anu jadi palacuran.

¹³ Maranehanana nyarieun kurban di tempat-tempat karamat di puncak-puncak gunung. Mareuleum menyan di puncak-puncak pasir, handapeun tangkal anu gede ngarangkadak, pedah iuhna pikagenahaun. Balukarna, anak-anak maraneh anu awewe

jaradi palacuran, minantu-minantu awewe jararinah.

¹⁴Tapi maranehna ku Kami moal dihukum, lantaran maraneh sorangan sok arindit ka awewe-awewe lacur nu digarawe di kuil-kuil, tuluy bareng jeung maranehna nyieun kurban ka brahala. Aya paribasa, Bangsa anu tuna akal sehat pasti tumpur.

¹⁵Muga-muga urang Yuda mah ulah kabawa salah nepi ka ingkar kawas maraneh, urang Israil! Maranehna mah sing ulah nepi ka milu ngabakti di Gilgal atawa di Bet Awen, atawa sumpah di dinya demi Allah nu jumeneng.

¹⁶Urang Israil mah sarua mantangulna jeung bigal. Atuh pimanaeun maranehna ku Kami bisa diangon di sampalan cara domba?

¹⁷Urang Israil geus kawujuk ku brahala-brahala. Kajeun, antep sakarepna.

¹⁸Sanggeus marabok anggur, tuluy genah-genah ngalacur, leuwih resep nyieun lampah hina ti batan lampah pikahormateun.

¹⁹Maranehanana bakal leungit lir kabawa ku angin, sarta bakal meunang era tina lampahna ngurban ka brahala-brahala.

5¹Eh para imam, darengekeun! Eh sakabeh umat Israil, raregepkeun! Eh sakabeh kulawarga karajaan, tarenetkeun! Maraneh baris diterapan hukuman. Sabab maraneh, anu kuduna ngahakiman masing adil, anggur sabalikna. Maraneh di Mispa geus jadi

tataheunan, di Gunung Tabor geus jadi tali eurad,

²di kota Akasia geus jadi liang jero. Ku sabab kitu maraneh kabeh ku Kami baris dihukum.

³Kami nyaho kana kaayaan Israil nu saenyana. Israil moal bisa nyumput ti Kami. Manehna geus teu satia, rahayatna geus teu pantes ngabakti ka Kami."

⁴Jalma-jalma geus hamo bisa tarobat deui ka Allahna, sabab dipegatan ku kajahatanana. Maranehna geus moal ngaku deui ka Allah, sabab geus kacerek ku brahala.

⁵Kaangkuhan urang Israil netelakeun kasalahana. Dosana ngalantarankeun maranehna titarajong jeung lalabuh, sarta urang oge bareng lalabuh jeung maranehna.

⁶Maranehanana mawa domba jeung sapi, kurbankeuneun ka PANGERAN, tapi moal aya gunana. PANGERAN moal kapanggih ku maranehanana, sabab geus nilarkeun.

⁷Maranehanana geus teu satia ka PANGERAN. Anak incuna geus lain umat kagungana-Na deui. Ku sabab kitu, maranehanana katut lemah caina bakal gancang dibasmi.

⁸Geura tiup tarompet perang di Giba!
Geura sadakeun tangara perang di Ramah!
Gorowokkeun panangtang perang di Bet Awen! Eh urang Binyamin, geura maju perang!

⁹Poean hukuman tereh datang. Urang Israil baris ditumpes. Eh urang Israil, ieu hal pasti jadi!

¹⁰PANGERAN ngandika, "Kami ambek, lantaran pamingpin-pamingpin urang Yuda nempuh ka Israil sarta maling tanahna. Ku sabab kitu Kami rek ngabedahkeun hukuman, sina narajang ka maranehna lir caah.

¹¹Urang Israil keur nandang panggencet, sarta geus kaleungitan tanah milik sahna, lantaran keukeuh menta tulung ka nu sama sakali teu bisa nulung naon-naon.

¹²Israil ku Kami rek dibasmi, sarta urang Yuda rek ditumpes.

¹³Sanggeus Israil ngarasa yen dirina geus kacida ripuhna, kitu deui Yuda geus nenjo raheut-raheutna sorangan, Israil tuluy indit ka Asur, menta pitulung ka raja gede di dinya, tapi eta raja moal bisaeun ngubaran atawa nyageurkeun raheut-raheutna.

¹⁴Kami rek narajang ka urang Israil jeung urang Yuda cara singa, rek disasaak tuluy ditinggalkeun. Lamun maranehna ku Kami geus digusur, saurang ge moal aya nu bisaeun nyalametkeun.

¹⁵Umat Kami ku Kami rek ditinggalkeun, nepi ka cukup nandanganana sangsara ku karana dosa-dosana, sarta tuluy nareangan Kami. Ari geus sangsara kitu mah sugaran daraekeun neangan Kami."

6 ¹Ceuk jalma-jalma, "Hayu urang tarobat ka PANGERAN. Mantenna geus nyiksa ka urang, tangtu kersaeun nyageurkeun. Mantenna geus ngaraheutan ka urang, tangtu kersaeun ngabeberan raheut-raheut urang.

²Dua tilu poe deui tangtu urang diwaluyakeun deui ku Mantenna, sarta bakal hirup di payuneun Mantenna.

³Hayu urang diajar wawuh ka PANGERAN. Mantenna pasti sumping ka urang, sakumaha pajar nu pasti datang, sakumaha hujan nu pasti turun ka bumi dina musimna."

⁴Tapi PANGERAN ngandika, "Eh Israil jeung Yuda, kudu kumaha Kami ka maraneh teh? Kanyaah maraneh ka Kami gancang buyar cara halimun, gancang leungit cara ciibun kapanasan.

⁵Nya ku sabab eta Kami ngutus nabi-nabi, nepikeun timbalan Kami, yen maraneh bakal dihukum sarta dibinasa. Pamenta Kami ka maraneh teh tetela pisan, nya eta:

⁶Kami lain menta kurban, tapi menta sangkan kanyaah maraneh ka Kami ulah laas. Kami leuwih hayang umat Kami nyaraho ka Kami ti batan dibaktian kurban beuleuman.

⁷Tapi kakara ge maranehna ngasupan tanahna, kalakuan geus tuluy cara Adam, ngarempak perjangjian anu ku Kami dijeun jeung maranehna.

⁸Gilad teh kota anu pinuh ku jelema-jelema jahat jeung ku tukang maehan.

⁹ Imam-imam teu beda ti gorombolan rampog anu ngadodoho jelema rampogeun. Malah di jalan anu ka tempat suci di Sekem, maranehna maehan. Sarta eta kajahatanana teh dihajakeun.

¹⁰ Kami geus nangenan hal nu matak ngerik di Israil, nya eta umat Kami sasatna geus nganajiskeun dirina, nyarembah ka brahala-brahala.

¹¹ Kitu keneh maraneh, urang Yuda, dina hiji waktu maraneh oge ku Kami tangtu dihukum ku karana kalakuan maraneh.

7 ¹ Saban Kami niat nambaan umat Kami Israil sangkan waluya sarta marukti deui, katenjona teh ngan marigawe kajahatan jeung kadorakaan bae. Silih tipu jeung pada batur; babak-bobok jeung pulang-paling ka imah batur; rarampog ka nu laliwat.

² Teu kapikir ku uteukna yen sagala kadorakaanana teh baris kaingetkeun ku Kami. Pimanaeun Kami rek teu awas kana dosana anu geus ngalaput dirina."

³ PANGERAN ngandika, "Jalma-jalma jarahat kalakuanana, sakait nyieun tipu daya ka raja jeung ka para pajabatna.

⁴ Maranehna kabeh jalma-jalma hianat jeung teu saratia. Rasa kaceuceubna kawas seuneu anu ku tukang roti can disina marong, samemeh adonanana siap dibeuleum.

⁵ Waktu raja ngayakeun pesta, raja jeung para pajabatna ku maranehna disuwuk ku

anggur, ngarinum terus marabok nepi ka siga nu owah.

⁶Cara seuneu dina tungku, nya kitu niat jahat jeung amarah eta jalma-jalma sapeupeuting marong dina hatena, sarta dina poe isukna amarahna ngajegur hurung.

⁷Kasundut ku seuneu amarahna, maranehna maraehan para pamingpinna. Raja-rajana diparaehan patuturut, tapi taya saurang-urang acan anu sasambat menta tulung ka Kami."

⁸PANGERAN ngandika, "Urang Israil teu beda ti roti nu asak sabeulah. Maranehna mercayakeun diri ka bangsa-bangsa sejen,

⁹teu karasaeun yen percaya ka bangsa sejen teh geus ngalantarankeun kakuatan maranehna musna. Ahir riwayat maranehna geus tereh nepi, tapi maranehna teu nyaho-nyahoeun acan.

¹⁰Kaangkuhan urang Israil netelakeun kasalahana. Tapi maranehanana teu kalis ku nu enggeus-enggeus, tetep henteu tarobat ka Kami, PANGERAN Allahna.

¹¹Israil kawas japati bodo hihiberan pundah-pindah; jalma-jalmana mimitina marenta tulung ka Mesir, ti dinya lumpat ka Asur!

¹²Tapi ku Kami rek dipasangan jaring, lamun maranehna laliwat rek ditewakan cara manuk. Kajahatan maraneh ku Kami baris dihukum anu satimpal.

¹³Cilaka maranehna! Geus naringgalkeun Kami, ngaralawan ka Kami. Ku Kami rek diancurkeun. Kami lain teu hayang nyalametkeun maranehna, tapi percayana ka Kami teh palsu.

¹⁴Sasambatna ka Kami henteu saenyana, kalah ka meubeut-meubeutkeun maneh jeung gerang-gerung cara umat brahala. Ari ngadoa marenta gandum jeung anggur teh bari narurihan maneh cara umat brahala!

¹⁵Teu kalis Kami anu ngurus ti leuleutik ka maranehna nepi ka jadi kuat, teu burung goreng bae maksudna ka Kami.

¹⁶Maranehna tetep nonggongan ka Kami, ngadon nyanghareup ka hiji aallahana anu teu walakaya. Maranehna saibarat gondewa bingkeng, teu bisa dipercaya. Pamingpin-pamingpinna ku lantaran garede omong baris tiwas dipergasa, bari diseungseurikeun ku urang Mesir."

8 ¹PANGERAN ngandika, "Sadakeun tangara! Musuh geus narajang nagri Kami saperti heulang nyuruwuk! Umat Kami geus megatkeun perjangjian antara Kami jeung maranehna jeung ngalawan pangajaran Kami.

²Sanajan maranehna nyarebut Kami teh Allahna, jeung ngarakukeun yen maranehna teh umat anu warawuh ka Kami,

³tapi maranehna arembung narima hal-hal anu hade. Ku sabab kitu maranehna baris diudag-udag ku musuh.

⁴Umat Kami milih raja-rajana, tapi nurutkeun pamilihna sorangan bae. Ngangkat para pamingpinna, tapi teu marenta mupakat Kami heula. Maranehna nyarokot perakna jeung emasna dijarieunan arca brahala, jalan picilakaeanan sorangan.

⁵Kami ijid kana arca sapi emas anu disarembah ku urang Samaria. Kacida Kami ambekna ka urang dinya. Iraha rek areureunna nyararembah ka arca teh?

⁶Eta arca teh beunang nyieun hiji tukang, urang Israil, sama sakali lain Allah! Eta arca sapi emas anu disarembah di Samaria teh bakal dibantingkeun nepi ka bubuk!

⁷Umat Kami tebar angin, bakal panen angin topan! Gandum di kebonna moal arasak, moal mere hasil pikeun dijieun roti. Sanajan bisa asak ge bakal beak dihakan ku bangsa sejen.

⁸Israil geus jadi saperti bangsa-bangsa lian bae, jeung geus euweuh gunana kawas pariuk nu geus remuk.

⁹Bedegong, kawas kalde leuweung, marawa karep sorangan. Maranehna arindit nyaluuh ka Asur menta pitulung, sarta mayar ka bangsa-bangsa sejen menta ditangtayungan.

¹⁰Tapi ku Kami rek buru-buru dirampid sina ngumpul, rek dihukum. Moal lila deui maranehna bakal pupurilitan bakating ku ngarasa nyeri digencet ku raja Asur.

¹¹Beuki loba urang Israil nyarieunan altar anu maksudna keur ngalebur dosa, malah

jadi beuki loba tempat geusan maranehna nyieun dosa.

¹²Kami geus loba pisan nulis pangajaran keur maranehna, tapi ditarolak, disebutkeun pangajaran aneh tur asing.

¹³Maranehna mere kurban ka Kami, sarta ngahakan daging eta kurban. Tapi Kami, PANGERAN, teu resep ka maranehna. Ayeuna dosa-dosana ku Kami rek diinget-inget sarta maranehna rek dihukum. Ku Kami rek dipulangkeun deui ka Mesir!

¹⁴Urang Israil nyarieunan karaton, tapi mophohokeun ka Khalikna. Urang Yuda nyarieunan kota-kota benteng. Tapi Kami rek ngadatangkeun seuneu sina ngaduruk karaton-karaton jeung kota-kota maranehna."

9 ¹Eh urang Israil, geura eureunan pesta-pesta cara adat bangsa sejen teh! Maraneh geus naringgalkeun Allah, teu satia ka Mantenna. Di sakuliah nagri maraneh ngajarual diri ka Dewa Baal, cara awewe palacuran, jeung sareng hate nampa gandum anu majar buruhan ti eta dewa.

²Tapi sakeudeung deui maraneh bakal kakurangan gandum jeung minyak jetun, sumawonna anggur mah moal aya.

³Urang Israil moal tumuluy ngarancikna di tanah nu ti PANGERAN, bakal baralik deui ka Mesir. Ari nu di Asur bakal kapaksa ngadahar anu diharamkeun.

⁴Di nagri-nagri asing maranehna moal bisa ngabaktikeun anggur ka PANGERAN, pamohalan bisa ngabaktikeun kurban ka Mantenna. Anu didalaharna matak najis ka sing saha nu ngadaharna, cara kadaharan anu didahar dina upacara nguburkeun. Dahareunana ngan cukup keur nyocokan lapar maranehna sorangan, saeutik ge moal bisa dibawa pikeun dibaktikeun di Bait Allah.

⁵Jadi lamun geus waktuna ngayakeun pesta-pesta agama pikeun ngamulyakeun Allah, rek kumaha pipetaeun maranehna?

⁶Lamun eta bahla geus datang, jalma-jalma bakal paburisat, tapi ku urang Mesir bakal disaksrak jeung dikumpulkeun dikumpulkeun, baris tuluy dikalubur di Mempis! Pependeman perakna, kitu deui urut paimahan maranehna bakal kalindih ku jujukutan jeung rungkun-rungkun cucuk.

⁷Waktu pikeun ngahukum geus datang, geus waktuna eta jalma-jalma teh narima anu satimpal jeung kalakuanana. Lamun eta geus kajadian, kakara ku Israil bakal karasa! Ceuk maraneh, "Ieu jelema anu kasurupan teh teu eling, nabi gelo." Maraneh sakitu ijidna ka kami, lantaran dosa maraneh kacida gedena.

⁸Kami teh diutus ku Allah, jadi nabi, pikeun ngelingan Israil, umat-Na. Tapi ka mana ge kami leumpang ku maraneh ditaheunan kawas manuk. Sakieu di tanah kagungan Allah, nabi-nabi dianggap musuh.

⁹Kajahatan maranehna geus pohara, sarua jeung kalakuanana waktu maratuh di Gibea. Dosana bakal diemutkeun pisan ku Allah sarta tangtu bakal dihukum.

¹⁰PANGERAN ngandika, "Basa Kami mimiti manggihkeun Israil, Kami mani asa nimu buah anggur di gurun keusik. Barang mimiti papanggih jeung karuhun maneh, mani asa nenjo buah kondang anu asak pangheulana. Tapi sanggeus maranehna narepi ka Gunung Peor, maranehna mimiti ngabarakti ka Dewa Baal, jadi pikaijideun cara dewa-dewa pujaanana.

¹¹Kamulyaan Israil bakal kabur saperti manuk leupas; awewe-awewena moal aya anu reuneuh, moal aya barudak lahir.

¹²Di ayana ge budak anu dijurukeun, ku Kami tangtu dirampas, moal aya anu dihirupan. Cilaka ieu umat lamun ku Kami geus ditinggalkeun."

¹³Nun PANGERAN, kacipta ku abdi anak-anak maranehna diboro sapertos sato, teras diparaahan.

¹⁴Naon anu kedah disuhunkeun ku abdi ka Gusti kangge ieu jalmi-jalmi? Langkung sae para wanitana sina garabug, sina ulah barisaeun nyusuan orokna!

¹⁵PANGERAN ngandika, "Sagala kajahatanana dimimitianana teh di Gilgal. Nya di dinya Kami mimiti ijid ka maranehna. Ku sabab kacida jarahatna, ku

Kami rek diusir ti tanah Kami. Kami moal mikarunya deui. Para pamingpinna kabeh geus ngaralawan ka Kami.

¹⁶Urang Israil ibarat tangkal anu akarna geus garing, hamo baruahan. Hamo maranehna baroga anak. Sanajan upama boga, kajeun sakumaha dipikanyaahna, ku Kami tangtu dipaehan."

¹⁷Allah anu ku kaula dikawulaan rek miceun umat-Na, lantaran teu narurut ka Mantenna. Maranehna bakal ngumbara di bangsa-bangsa sejen.

10¹Urang Israil saibarat tangkal anggur anu leubeut buahna. Tapi beuki leubeut buahna, beuki loba nyieunan altar. Beuki loba tanahna mere hasil, beuki dialus-alus tihang-tihang brahalana.

²Eta bangsa anu serong hate teh baris tereh nandangan lara ku karana dosana. Altar-altarna ku Allah bakal diancur-ancurkeun, tihang-tihang brahalana bakal dirubuh-rubuhkeun.

³Moal lila deui eta jalma-jalma bakal nyarebut, "Urang teu boga raja lantaran teu sieun ku Allah. Tapi bisaeun ngayakeun naon raja pikeun urang?"

⁴Maranehna ngaromong kosong jeung nyieun jangji-jangji palsu sarta pamupakatan anu taya gunana. Hukum geus leungit adilna, kalah ka ngaruksak cara jukut racun dina tanah beunang ngawuluku.

⁵ Jalma-jalma nu caricing di kota Samaria bakal sarieun jeung prihatin, sabab arca sapi emasna di Betel geus euweuh. Maranehna jeung imam-imam anu ngawulaan eta arca careurik aluk-alukan, narenjo eta arca dipesek lapis emasna anu murub mubyar.

⁶ Eta arca bakal diakut ka Asur, dipake upeti ka raja gede di dinya. Israil geus nurutkeun hiji rarancang anu ngalantarankeun dirina bakal meunang era jeung dihina.

⁷ Rajana bakal ngaleong cara tatal palid di walungan.

⁸ Kuil-kuil di puncak pasir Awen, paranti urang Israil ngabakti ka brahala, bakal dirubuh-rubuhkeun, altarna bakal ngajejembrung ku jujukutan jeung cucuk. Urang Israil bakal sasambat ka gunung-gunung, "Kuring sumputkeun!" Jumerit ka pasir-pasir, "Kuring rungkupan!"

⁹ PANGERAN ngandika, "Ti jaman urang Israil nyieun dosa di Gibe, nepi ka ayeuna teu eureun-eureun dosana ka Kami. Ku sabab kitu nya di Gibe oge maranehna bakal ditarajang ku perang.

¹⁰ Ieu bangsa doraka teh ku Kami rek ditarajang, rek dihukum. Bangsa-bangsa sina ngahiji bareng merangan maranehna; maranehna dihukum lantaran loba pisan dosana.

¹¹ Israil tadina lir ibarat sapi ngora anu iceus, daek dipake ngirik gandum. Tapi Kami

geus mutuskeun, pundukna anu alus ayeuna rek diterapan pasangan jeung rarangken, rek digawekeun kana pagawean anu leuwih beurat. Yuda sina narik wuluku, Israil sina narik garu.

¹²Ceuk Kami, Pikeun kaperluan maneh keneh, maneh kudu ngawuluku tanah bukaan anyar, melak babit kaadilan, mupu berkah-berkah hasil kataatan maneh ka Kami. Geus waktuna maneh teh ayeuna mah tobat ka Kami, PANGERAN maneh, sarta Kami tangtu datang ngocorkeun berkah.

¹³Tapi maneh kalah ka melak kagorengan, mupu kajahatan. Maneh nyatu hasil tina ngabohong. Ku sabab maneh sumender kana kareta-kareta perang jeung kana lobana prajurit,

¹⁴rahayat maneh bakal ditarajang ku perang, sarta benteng-benteng maneh kabeh bakal tumpur. Eta perang bakal sarua jeung perang jaman Raja Salman ngagempur kota Bet Arbel, indung-indung bareng jeung barudakna paraeh digilesan.

¹⁵Kitu anu bakal kasorang ku maraneh, eh urang Betel, lantaran kalakuan maraneh kacida jahatna! Ari raja Israil bakal paeh ti barang mimiti perang."

11 ¹PANGERAN ngandika, "Kami nyaah ka Israil ti bubudakna, ku Kami disaur sina kaluar ti Mesir, diaku anak.

²Tapi beuki sering disaur, beuki ngajauhan Kami, umat Kami anggur marere kurban ka Baal, ngarukus ka arca-arca dewa.

³Padahal Kami anu ngajar Israil leumpang. Umat Kami ku Kami dititimang, Kami nu ngarawatanana, tapi ku maranehna teu diaku.

⁴Maranehna ku Kami sok ditatangkeup, bakat ku deudeuh jeung asih. Ku Kami dijungjung diteueul-teueulkeun kana pipi. Kami dongko ngahuapan maranehna.

⁵Maranehna teh arembungeun balik ka Kami, ku sabab kitu rek disina baralik deui ka Mesir, jeung sina diparentah ku bangsa Asur.

⁶Kota-kotana sina kasapu ku perang, gapura-gapura kotana sina rarubuh. Eta perang bakal ngagempur umat Kami lantaran lampah maranehna sakarep-karep.

⁷Maranehna murugul naringgalkeun Kami. Maranehna bakal careurik lantaran diterapan nandang pasangan, tapi moal aya saurang ge nu bakal ngalaan pasanganana.

⁸Kumaha rek tega Kami ka maneh, Israil? Kumaha rek tega Kami ninggalkeun ka maneh? Na tega Kami numpes ka maneh cara ka Adma atawa migawe ka maneh cara ka Seboim? Hate Kami moal mikeun! Kaasih Kami ka maneh kacida gedena.

⁹Sakumaha Kami amarahna ge ka maneh, moal ngahukum. Kami moal deui-deui numpes ka Israil, karana Kami teh Allah, lain manusia. Ieu Kami Anu Maha Suci, seja

reureujeungan jeung maraneh. Kami moal nemonan maraneh bari amarah.

¹⁰Umat Kami bakal naluturkeun ka Kami, saupama Kami geus ngagaur ka musuh-musuhna saperti singa. Maranehna bakal gagancangan muru Kami ti kulon.

¹¹Ti Mesir maranehna bakal daratang, garancang tinanding manuk. Nu ti Asur garancangna tinanding japat. Kami rek mawa maranehna ka imah-imahna deui. Kami, PANGERAN, geus ngandika."

¹²PANGERAN ngandika, "Urang Israil geus ngalingkung Kami ku bohong jeung tipu, sarta urang Yuda tetep keneh ngaralawan ka Kami, Allah nu suci tur satia.

12¹Ti bray beurang nepi ka reup peuting, anu dilampahkeun ku urang Israil taya pisan paedahna tur ngaruksak. Lampah hianat jeung kakejeman maranehna beuki nyebar. Maranehna ngayakeun perjangjian jeung Asur, sarta ngayakeun hubungan dagang jeung Mesir."

²PANGERAN kagungan tudingkeuneun ka urang Yuda, sarta ka Israil baris ngahukum ku karana kalakuan jalma-jalmana. Kalakuan maranehna ku Mantenna tangtu dibales.

³Yakub, karuhun maranehna, ngajejekan saderek kembarna waktu aranjeunna di jero kandungan ibuna keneh. Sanggeus dewasa, Yakub malah tarung jeung Allah,

⁴ngagelutan malaikat tur meunang gelutna. Ari geus kitu tuluy nangis jeung mundut diberkahan. Ti dinya Allah ngalayad sarta ngandika ka Yakub karuhun urang, di Betel.

⁵Allah nu disebut bieu, nya eta PANGERAN Allah Nu Maha Kawasa. PANGERAN teh jenengana-Na, supaya ku karana eta jenengan Mantenna disembah.

⁶Ku sabab kitu, eh turunan Yakub, sing percaya ka Allah maraneh, geura baralik deui ka Mantenna. Sing saratia saenya-enyana, sarta sing sabar ngadago nu baris dijalankeun ku Mantenna.

⁷PANGERAN ngandika, "Urang Israil sarua curangna jeung urang Kanaan, resep ngabobodo langganananana, ngagunakeun timbangan palsu.

⁸Ceuk maranehna, Urang geus beunghar. Urang pinter cari untung. Moal aya anu bisa nuduh yen urang beunghar teh meunang curang.

⁹Tapi Kami PANGERAN, Allah maraneh, anu nungtun maraneh budal ti Mesir, rek malikkeun deui maraneh caricing di kemah-kemah, cara barang mimiti didatangan ku Kami di gurun keusik.

¹⁰Kami geus ngandika jeung mere tetenjoan-tetenjoan ka nabi-nabi, sarta ku jalan eta nabi-nabi Kami mere pepeling-pepeling ka umat Kami.

¹¹ Tapi keukeuh anu disarembah ku maranehna di Gilad teh brahala-brahala. Eta anu nyarembah ka brahala-brahala teh tan wande paraeh. Altar-altar di Gilgal paragi maranehna ngurban-ngurbankeun sapi, bakal jadi tumpukan-tumpukan batu di tegal-tegal."

¹² Baheula, Yakub karuhun urang, kabur ka Mesopotamia, sarta di ditu, pikeun meunangkeun pigeureuhaeun nepi ka ngawula ka hiji jelema, mangmiarakeun domba-dombana.

¹³ PANGERAN geus ngutus hiji nabi, dipiwarang ngajait sarta ngurus umat-Na anu keur dikaniaya ku Mesir.

¹⁴ Tapi kalakuan urang Israil pohara matak benduna ka PANGERAN. Maranehna pantes sina paraeh lantaran kalakuanana jarahat. Ku PANGERAN tangtu dihukum, lantaran kalakuanana matak ngarendahkeun Mantenna.

13¹ Jaman bareto, lamun kaom Epraim ngomong, kaom-kaom Israil anu sejenna ngarasa sieun. Kaom Epraim dipikaserab ku maranehna. Tapi eta kaom geus nyieun dosa, ngabarakti ka Baal, ku lantaran kitu maranehna bakal paraeh.

² Dosana diteruskeun ku nyarieun arca tina logam pikeun disembah, arca tina perak, hasil pangreka pikiran manusa, dijieunna ku leungeun manusa. Kari-kari ceuk maranehna, "Haturanan kurban eta

arca-arca teh!" Arca-arcana dirupakeun sapi jalu. Heran, manusa-manusa teh nyariuman eta arca-arca!

³ Ku sabab kitu eta jalma-jalma baris leungit, cara halimun isuk-isuk, cara ibun beak ku poyan, cara huut ti pangirikan kabawa angin, cara haseup nu kaluar tina corobong.

⁴ PANGERAN ngandika, "Ieu Kami PANGERAN, Allah maraneh, anu nuyun maraneh budal ti Mesir. Taya deui Allah maraneh, anu nyalametkeun maraneh, ngan Kami.

⁵ Kami anu ngaraksa ka maraneh di tanah nu garing di gurun keusik.

⁶ Tapi sanggeus maraneh arasup ka tanah anu alus, sanggeus beuteung sareubeuh jeung ngarasa taya kakurang, jadi karumaki, paroho ka Kami.

⁷ Ku sabab kitu, Kami ka maraneh rek nubruk cara singa, cara meong tutul ngadepong megat maraneh di jalan.

⁸ Kami rek narajang cara biruang anu kaleungitan anak, maraneh ku Kami rek disasaak. Cara singa, Kami rek ngerekeb maraneh, rek dihakan di dinya keneh. Cara sato galak Kami rek nyasaak maraneh.

⁹ Ari maraneh, urang Israil, ku Kami rek dibasmi! Saha nu rek nulungan?

¹⁰ Maraneh marenta raja jeung pamingpin-pamingpin. Na bisaeun maranehna ngajait bangsa?

¹¹ Bari amarah Kami mere raja-raja ka maraneh, sarta bari amarah Kami nyokot deui maranehna.

¹² Dosa jeung kadorakaan Israil geus dicatet, sarta catetanana disimpen hade-hade.

¹³ Israil geus dibere kasemptan hirup. Tapi ku sabab gejul, eta kasemptan teh henteu ditolih, kawas orok geus kari burusut dijurukeun tapi teu daekeun kaluar tina pianakan indungna.

¹⁴ Ieu jelema-jelema ku Kami moal dijait ti dunyana nu paraeh, moal direbut tina kakawasaan ajal. Eh ajal, datangkeun pagebug! Eh dunyana nu paraeh, datangkeun panumpes! Kami geus teu karunya ka eta bangsa.

¹⁵ Najan Israil hirupna subur montok cara jujukutan, Kami rek ngadatangkeun angin panas ti wetan, ti gurun keusik, anu bakal ngagaringkeun sakabeh cinyusu jeung sumur-sumur, nepi ka ngamusnakeun sagala rupa nu aya hargaan.

¹⁶ Samaria kudu dihukum, lantaran ngalawan ka Kami. Jalma-jalmana bakal paraeh di pangperangan, orok-orokna bakal dibanting-bantingkeun kana taneuh, awewe-awewe reuneuh bakal dibaredelan beuteungna."

14¹ Eh urang Israil, geura baralik deui ka PANGERAN, Allah maraneh. Maraneh geus tisoledat jeung tibeubeut ku dosa sorangan.

²Geura tarobat ka PANGERAN, sarta ieu paneda ku maraneh unjukkeun ka Mantenna, "Mugi hapunten samudaya kalepatan abdi sadaya, sareng ieu paneda mugi ditampi. Abdi-abdi sumeja muji ka Gusti, sakumaha jangji abdi-abdi kapungkur.

³Urang Asur teu tiasaeun nyalametkeun, kuda tempur teu tiasa ngabelaan. Moal deui-deui abdi sadaya nyebatkeun yen arca-arca brahala teh Allah abdi-abdi. Nun PANGERAN, mugi kersa mikawelas ka sakur nu parantos teu gaduh saha-saha kangge pamuntangan."

⁴PANGERAN ngandika, "Kami rek nyokot umat Kami sina baralik, baris dipikaasih saiklas-iklasna, amarah Kami ka maranehna geus leler.

⁵Kami ka urang Israil baris jadi saperti hujan ka tanah nu garing. Maranehna bakal mekar cara kembang beukah, bakal teguh kuat akarna, saperti tatangkalan di Libanon.

⁶Hirupna baris mulus sarta mekar, tur endah saperti tangkal jetun, bakal seungit ngadalingding, saperti tangkal kiputri Libanon.

⁷Hirupna baris aya deui dina pangraksa Kami, bakal mukti saperti gandum paneneun, leubeut buahna saperti tangkal anggur di jero kebon. Maranehna bakal kasohor, sasohor anggur ti Libanon.

⁸Urang Israil moal pakait deui jeung brahala-brahala, Kami anu baris ngajawab panyambatna, anu baris miarana, Kami nu jadi panyalindunganana, ngauban saperti tangkal nu daunna harejo sapapanjangna. Nya Kami anu jadi sumber berkah maranehna."

⁹Muga sakur nu bijaksana paham ka nu ditulis di dieu sarta nyimpen hal eta dina hatena. Jalan ti PANGERAN kabeh bener, sarta jalma nu bener lampahna naluturkeun eta jalan. Sabalikna nu daroraka bakal titarajong sarta lalabuh lantaran teu daek make eta jalan.

Yoel

1 ¹Ieu pangandika PANGERAN ka Yoel putra Petuel:

²Eh nu geus karolot, darengekeun! Eh sakur nu aya di Yuda, regepkeun! Di jaman maraneh, atawa jaman karuhun maraneh, naha kungsi aya kajadian kawas kieu?

³Caritakeun hal eta ka anak maraneh, anak maraneh sina nyaritakeun deui ka anak-anakna, anak maranehna sina nyaritakeun deui ka turunanana.

⁴Abrulan simeut merul pasusul-susul, narapuk kana paneneun. Anu nyesa urut abrulan ieu, beak digalaksak ku abrulan itu.

⁵Eh nu marabok, geura areling jeung careurik geura tingjarerit eh tarukang nginum anggur! Sabab buah anggur keur nyieun inuman geus lebur.

⁶Nagri urang diambreg ku balad simeut, baredas tur kacida lobana, huntu saseukeut huntu singa.

⁷Pelak anggur urang lebur tangkal-tangkal kondang beak digarayeman, kulitna beak disaregetan, nepi ka dahana-dahanna boleklak bodas.

⁸Umat geura midangdam cara mojang ngabangingik, ditinggalkeun maot ku pisalakieunana.

⁹Taya gandum taya anggur keur sanggakeuneun ka Bait Allah; imam-imam prihatin, teu baroga baktikeuneun ka PANGERAN.

¹⁰Kebon-kebon saruwung, taneuhna nguyung lantaran gandumna lebur pelak anggur tangkalna gararing, tangkal jetun aralum.

¹¹Para patani geura nalangsa, nu ngarebon anggur geura ngarungun, lantaran gandum jeung hanjeli, sagala rupa paneneun ruksak binasa.

¹²Tangkal-tangkal anggur aralum, tangkal-tangkal kondang parerang, tangkal bubuhan ngarangrangan terus paraeh, kasuka jalma-jalma geus sirna.

¹³Eh imam-imam anu laladen di altar, geura dibaraju karung jeung careurik! Geura arasup ka Bait Allah jeung midangdam sapeupeuting! Lantaran geus euweuh gandum jeung anggur pikeun baktikeuneun ka Allah maraneh.

¹⁴Parentahkeun, jalma-jalma sina paruasa; umumkeun yen kudu ngayakeun sidang! Kumpulkeun para pamingpin jeung sakabeh urang Yuda ka Bait Allah, gedong PANGERAN Allah maraneh, sina sasambat ka Mantenna.

¹⁵Poena PANGERAN tereh datang, poena Nu Maha Kawasa baris ngadatangkeun karuksakan. Eta poe estu matak sieun!

¹⁶Urang ngan semet bisa melong gandum paneneun urang diruksak. Di Bait Allah

kagungan Allah urang geus teu aya kahegaran.

¹⁷ Binih paraeh dina taneuh garing. Geus euweuh gandum keur simpeneun, leuit-leuit jadi karosong jeung tingtalambru.

¹⁸ Sapi-sapi tingaremoh bangun susah, sampalanana teu jarukutan; domba-domba kalaparan.

¹⁹ Abdi sasambat ka Gusti, nun PANGERAN, jalaran sampalan sareng tatangkalan gararing, sapertos anu diduruk ku seuneu.

²⁰ Malah sato-sato alas ge sasambat ka Gusti, jalaran walungan-walungan ngoletrak saraat.

2 ¹Tiup tarompet! Sadakeun tangara di Gunung Sion, gunung suci Allah. Ngadegdeg, eh urang Yuda! Karana poena PANGERAN tereh datang.

²Poe eta bakal angkeub jeung poek, hideung kasaput ku mega. Bakal datang balad simeut, kacida lobana, lir poek ngarungkupan gunung-gunung. Ti baheula acan aya nu sarupa kitu, jeung engkena moal aya deui.

³Saperti seuneu, eta simeut-simeut ngakan beak pepelakan. Memeh disorang ku eta, tanah teh lir Taman Eden, sanggeus disorang, geus jadi tegal burindil, sagalana taya nu kalarung.

⁴Eta simeut-simeut bangunna siga kuda, laju lumpatna saperti kuda tempur.

⁵ Waktu tingaracleng di puncak-puncak gunung, tinggarerit sada kareta perang, jeung tingbeletok sada jarami kahuru, tur siga ditata lir pasukan prajurit siap tempur.

⁶ Ana eta maju beuki deukeut, jalma-jalma kabeh miris, beungeutna sarepa.

⁷ Nararajang lir para prajurit, naraekan tembok lir para serdadu. Laju lempeng muru ka hareup, teu pungkal-pengkol

⁸ atawa nyedek ka jalan baturna. Maju bareng norobos kabeh panghalang, taya nu bisa megatan.

⁹ Breg ambreg ka jero kota, ngaluncatan tembok-tembok, naraekan imah-imah, terus arasup tina jandela kawas bangsat.

¹⁰ Mun eta geus maju, bumi inggeung langit oyag panonpoe jeung bulan jadi poek bentang-bentang pareum cahayana.

¹¹ Gentra PANGERAN jumegur ngatur tentara-Na. Balad-Na nya gede nya rosa, taat kana parentah-Na. Poena PANGERAN matak sieun kabina-bina. Saha nu bisa tagen?

¹² PANGERAN nimbalan, "Tapi ayeuna keneh geura tarobat sing bener, geura baralik deui ka Kami, kalawan puasa jeung midangdam.

¹³ Tembongkeun yen hate maraneh rakacak ku rasa kaduhung, teu cukup ku nyosoeh pakean." Geura baralik deui ka PANGERAN, Allah maraneh, Mantenna bageur jeung karunyaan, sabar sarta pengkuh kana jangji,

salilana kersa maparin hampura, moal ngahukum.

¹⁴Sugan bae PANGERAN Allah maraneh kersa robah manah-Na, sarta ngaberkaahan maparin loba paneneun, sangkan maraneh bisa ngabaktikeun gandum jeung anggur ka Mantenna.

¹⁵Tiup tarompet di Gunung Sion, parentahkeun kudu paruasa, embarkeun yen kudu ngayakeun musawarah!

¹⁶Jalma-jalma sina kumpul, sina ngayakeun gempungan suci. Nu karolot kudu jonghok, barudak jeung orok-orok ge bawa. Malah nu alanyar kawin ge kudu marilu, sina kalaluar ti imah-imahna.

¹⁷Para imam anu laladen ka PANGERAN antara altar jeung lawang Bait Allah, kudu sasambat bari careurik: "Nun PANGERAN, sing hawatos ka umat Gusti. Abdi-abdi ulah diantep dihina ku bangsa sanes, sareng dipoyok ku ucapan, Mana Allah maraneh teh?"

¹⁸Geus kitu PANGERAN kersa malire deui ka tanah-Na, sarta hawatoseun ka umat-Na.

¹⁹Panyambat maranehna diwaler: "Ayeuna maraneh rek dibere deui gandum, Maraneh tangtu sugema jeung moal dihina deui ku bangsa batur.

²⁰Eta balad simeut anu daratangna ti kaler, ku Kami rek disingkirkeun. Sawareh rek diusir ka gurun keusik. Barisan hareupna

rek diusir ka Laut Paeh, barisan tukangna ka Laut Tengah. Ku Kami rek dibasmi, bangke-bangkena disina bau, lantaran geus nyilakakeun ka maraneh.

²¹ Lahan-lahan, maraneh ulah sarieun, masing saruka jeung barungah ku damel PANGERAN ka maraneh.

²² Sato-sato, maraneh ulah sarieun. Sampalan-sampalan harejo tatangkalan baruahan, loba kondang, loba anggur.

²³ Urang Sion, maraneh sing barungah, sing saruka ku damel PANGERAN Allah maraneh, ka maraneh. Mantenna maparin cukup hujan dina usum muguran, nurunkeun hujan dina usum tiis, sarta dina usum semi, cara sasari.

²⁴ Tempat-tempat pangirikan bakal parinuh ku gandum, bak-bak gigireun pameresan bakal mudal ku anggur jeung minyak jetun.

²⁵ Naon-naon anu geus musna sajeroning taun-taun panen maraneh beak ku simeut, ku Kami rek dipulihkeun, sabab Kami anu ngadatangkeun eta balad simeut.

²⁶ Maraneh bakal loba dahareun, bakal sareubeuh, bakal maruji ka PANGERAN Allah maraneh, anu geus midamel kaajaiban-kaajaiban pikeun maraneh. Umat Kami moal aya nu ngahina deui.

²⁷ Sanggeus kitu maneh, Israil, bakal ngarasa yen Kami aya di tengah-tengah maneh, sarta taya deui Allah maraneh, ngan

Kami, PANGERAN. Umat Kami moal aya nu ngahina deui."

²⁸"Geus kitu Kami bakal ngeusikeun roh Kami ka unggal jalma. Anak maraneh lalaki awewe bakal ngucapkeun amanat-amanat Kami. Nu geus karolot bakal marareunang impian, nu ngarora bakal marareunang tetenjoan.

²⁹Malah badega-badega, awewe, lalaki waktu eta bakal dieusian ku roh Kami.

³⁰Mangsa eta Kami rek nyieun tanda-tanda galagat di langit, kitu deui di bumi, bakal aya caah getih, seuneu, jeung gumpelan-gumpelan haseup.

³¹Panonpoe bakal jadi poek, bulan jadi beureum kawas getih. Eta kabeh bakal kajadian memeh cundukna poena PANGERAN anu pohara hebatna jeung pikasieuneunana.

³²Tapi sing saha anu menta tulung ka PANGERAN, tangtu dirahayukeun, sakumaha timbalan PANGERAN, Nu araya di Yerusalem, sawareh aya nu bakal salamet; saha-saha anu ku Kami kapilih, tangtu rahayu."

3¹ PANGERAN ngandika, "Mangsa eta, Yuda jeung Yerusalem ku Kami rek disina mukti deui.

²Kami rek ngumpulkeun bangsa-bangsa, rek digiring ka Lebak Pangadilan. Di dinya, sagala kalakuanana ka umat Kami rek diadilan. Maranehna geus ngacak-ngacak urang Israil,

dibacacarkeun di nagri-nagri sejen, jeung
geus ngabagi-bagi Israil, tanah Kami.

³ Maranehna ngalung dadu, ngundi saha nu
bakal meunang tawanan. Barudak awewe
lalaki dijarual, dijieun budak beulian, duitna
dipake lacur jeung meuli inuman.

⁴ Rek dijieun kumaha Kami ku maraneh, eh
Tirus, Sidon, jeung wilayah Pelisti sakuliahna?
Maraneh rek males pulih ka Kami? Lamun
enya kitu, Kami ge baris gancang ngabales
deui ka maraneh.

⁵ Maraneh geus ngarampasan perak jeung
emas milik Kami, sarta ngakut harta kakayaan
Kami ka kuil-kuil maraneh.

⁶ Maraneh geus ngaboyong urang Yuda
jeung urang Yerusalem, dijauhkeun ti nagrina
sorangan sarta dijarual ka urang Yunani.

⁷ Ayeuna ku Kami rek dicokot deui ti dinya,
ti tempat dijualna. Kalakuan maraneh ka
maranehna ku Kami rek dibales.

⁸ Anak maraneh, awewe, lalaki, ku Kami rek
dijual ka urang Yuda, sarta ku maranehna
baris dijarual deui ka nu jauh, ka urang
Syeba. Kami, PANGERAN, geus ngandika.

⁹ Embarkeun kieu ka sakabeh bangsa: Geura
tatan-tatan perang, panggil prajurit-prajurit,
kumpulkeun serdadu-serdadu, terus maju!

¹⁰ Mata-mata wuluku jieunan pedang,
peso-peso pangkas jieunan tumbak. Nu
halengker oge kudu milu jurit.

¹¹ Eh bangsa-bangsa sakurilingna, masing gancang dararatang, karumpul di ditu di lebak." Nun PANGERAN, kintunkeun balad Gusti, sina narajang ka maranehna.

¹² "Eta bangsa-bangsa sina tatan-tatan, sina maruru ka Lebak Pangadilan. Di dinya Kami, PANGERAN, baris ngaadilan bangsa-bangsa nu araya di sakurilingeun umat Kami.

¹³ Maranehna pohara jarahatna. Babad rubuh cara ngababad gandum dina usum panen, giles ancur cara ngagiles buah anggur anu mucung dina pameresan, nepi ka cai anggurna mudal.

¹⁴ Mangrebu-rebu lobana nu araya di Lebak Pangadilan. Nya di dinya poena PANGERAN bakal gancang-gancang datang.

¹⁵ Panonpoe jeung bulan jadi poek, bentang-bentang pareum cahayana."

¹⁶ PANGERAN ngagaur ti Gunung Sion, gentra-Na ngageleger ti Yerusalem, bumi jeung langit aringgeung. Tapi umat-Na mah baris diraksa.

¹⁷ "Maneh, Israil, mun geus kitu bakal nyaho, yen Kami teh PANGERAN, Allah maraneh, Kami jumeneng di Sion, gunung Kami anu suci. Yerusalem bakal jadi kota suci, moal karebut deui ku bangsa sejen.

¹⁸ Mangsa eta, gunung-gunung bakal katutup ku kebon anggur, pasir-pasir pinuh ku ingon-ingon, di sakuliah Yuda bakal loba

cai. Hiji walungan bakal ngocor ti Bait Allah
PANGERAN nyaian Lebak Akasia.

¹⁹ Ari Mesir bakal jadi gurun keusik, Edom
bakal burakrakan taya jalmaan, lantaran
maranehna geus narajang nagri Yuda, jeung
maehan rahayat anu teu salah.

²⁰ Kami rek mangmaleskeun sakur anu geus
diparaahan, nu maraehanana moal dihirupan.

²¹ Tapi Yuda jeung Yerusalem salawasna
bakal aya pangeusina, sarta Kami,
PANGERAN, baris matuh di Gunung Sion."

Amos

1 ¹Ieu kasauran Amos, pangangon domba ti kota Tekoa. Dua taun samemeh aya kajadian lini, waktu Usia ngarajaan nagri Yuda jeung Yarobam putra Yoas ngarajaan nagri Israil, Allah ka Amos ngawahyukeun hal-hal ngeunaan Israil.

²Saur Amos, "PANGERAN ngagaur ti Gunung sion, gentrana ngageleger ti Yerusalem. Sampalan-sampalan gararing, Gunung Karmel jukutna perang."

³Dawuhan PANGERAN, "Urang Damsik pek deui, pek deui migawe dosa. Ku sabab kitu geus pasti ku kami baris dihukum. Maranehna geus migawe kakejeman anu pohara biadabna ka urang Gilad.

⁴Karaton buatan Raja Hasael ku kami rek dibeakkeun ku seuneu, benteng-benteng Raja Benhadad rek dihuru.

⁵Gapura-gapura Damsik rek diburak-barik. Pangeusi Lebak Awen jeung raja di Bet Eden rek disingkirkeun. Urang Siria sina dibuang ka tanah Kir."

⁶Dawuhan PANGERAN, "Urang Gasa pek deui, pek deui migawe dosa. Ku sabab kitu geus pasti ku Kami baris dihukum. Maranehna geus ngerid hiji bangsa sagembengna dijieun jalma beulian, dijual ka urang Edom.

⁷ Kuta-kuta Gasa ku Kami rek dibeakkeun ku seuneu, benteng-bentengna rek dihuru.

⁸ Para pangereh kota Asdod jeung Askelon ku kami rek disingkirkeun. Kota Ekron arek dihukum, sarta urang Pelisti nu taringgaleun bakal paraeh."

⁹ Dawuhan PANGERAN, "Urang Tirus pek deui, pek deui migawe dosa. Ku sabab kitu geus pasti ku kami baris dihukum, sabab geus ngerid hiji bangsa sageblengna ka pangbuangan di Edom, ingkar tina jangji seja duduluran.

¹⁰ Kuta-kuta Tirus arek dibeakkeun ku seuneu, bentengna rek dihuru."

¹¹ Dawuhan PANGERAN, "Urang Edom pek deui, pek deui migawe dosa. Ku sabab kitu geus pasti ku Kami baris dihukum. Sakitu ka dulur-dulurna, ka Israil, nempuh tur taya rasrasan, amarahna taya watesna, henteu lempер-lempер.

¹² Ku sabab kitu kota Tman arek dibeakkeun ku seuneu, benteng-benteng di Bosra rek dihuru."

¹³ Dawuhan PANGERAN, "Urang Amon pek deui, pek deui migawe dosa. Ku sabab kitu geus pasti ku kami baris dihukum. Waktu maranehna perang pikeun ngalegaan wewengkonna, di Gilad nepi ka ngabedelan beuteung awewe-awewe nu keur rareuneuh.

¹⁴ Kuta-kuta Raba arek dibeakkeun ku seuneu, benteng-bentengna rek dihuru. Dina

poean perang, di dinya bakal tingjarerit, sarta anu tarung ragotna lir angin ribut.

¹⁵Rajana jeung para pajabatna bakal diakut ka pangbuangan."

2¹Dawuhan PANGERAN, "Urang Moab pek deui, pek deui migawe dosa. Ku sabab kitu geus pasti ku Kami baris dihukum. Maranehna geus ngapeskeun tulang-taleng raja Edom, diduruk dijieun lebu.

²Nagri Moab ku Kami rek dibeakkeun ku seuneu, jeung benteng Keriot arek dihuru. Urang Moab bakal paraeh dina guyurna perang, ditarung ku gorowokna serdadu-serdadu jeung sora tarompet.

³Pangereh jeung para pamingpin nagri Moab ku Kami bakal diparaahan."

⁴Dawuhan PANGERAN, "Urang Yuda pek deui, pek deui migawe dosa. Ku sabab kitu geus pasti ku Kami baris dihukum. Maranehna geus miceun pangajaran Kami, henteu ngarestokeun parentah-parentah Kami. Geus disasabkeun ku allah-allah palsu nu disarembah ku karuhun-karuhunna baheula.

⁵Ku sabab kitu Yuda ku Kami rek dibeakkeun ku seuneu, benteng-benteng Yerusalem arek dihuru."

⁶Dawuhan PANGERAN, "Urang Israil pek deui, pek deui migawe dosa. Ku sabab kitu geus pasti ku Kami baris dihukum. Maranehna ngajual jalma anu jalujur dijieun jalma beulian, pedah teu barisaeun mayar hutang

Iantaran mariskin, sendal sapasang ge teu kuat nebus.

⁷ Nu lalemah jeung taya daya dikekeyek dikaniaya, nu mariskin disina nyalingkir. Anak jeung bapa sapatemon jeung badega awewe anu eta keneh, ngapeskeun kasucion jenengan Kami.

⁸ Di saban tempat ibadah harees make papakean beunang nyokot ti nu mariskin dijieu tandon hutang. Di jero Bait Allah ngarinum anggur beunang nyokot ti nu baroga hutang ka maranehna.

⁹ Tapi, eh umat Kami, pang Kami numpes urang Emor anu jarangkung lir tangkal kiputri tur karuat lir tangkal jati teh keur maraneh.

¹⁰ Maraneh ku Kami dikaluarkeun ti Mesir, dibawa meuntasan gurun keusik lilana opat puluh taun, tuluy dibere tanah urut urang Emor pikeun dijadikeun nagri maraneh sorangan.

¹¹ Sawatara anak maraneh aya nu ku Kami dipilih jadi nabi, sawatara nonomanana aya anu dijadikeun Nasir. Lain kitu, eh urang Israil? Kami PANGERAN, kapan geus ngandika.

¹² Tapi Nasir-nasir teh ku maraneh disina ngarinum anggur, sarta nabi-nabi dilarang nepikeun pangandika Kami.

¹³ Ayeuna maraneh ku Kami rek didedetkeun kana taneuh nepi ka ngadengek, kawas padati ngageret beurat teuing ku gandum.

¹⁴Anu tarik lumpat ge moal bisa lolos, nu baredas tanagana bakal musna, serdadu-serdadu moal bisa nyalametkeun diri.

¹⁵Anu nyarikep jamparing moal bisa tagen, nu tarik lumpat moal bisa ngejat, nu tarumpak kuda moal bisa kabur mawa nyawana.

¹⁶Prajurit nu pangwanianana ge poe eta mah bakal miceun pakarangna tuluy kabur." Kitu timbalan PANGERAN.

3 ¹Eh, urang Israil, darengekeun ieu pangandika ti PANGERAN perkara maraneh, sakumna bangsa anu ku Mantenna enggeus dijait ti Mesir. Kieu pangandika-Na,

²"Ti sakumna bangsa sajagat, ngan maraneh anu ku Kami diperhatikeun jeung diurus. Eta sababna dosa maraneh teh pohara, sarta eta sababna dosa maraneh ku Kami bakal dihukum."

³Naha bisa dua jalma indit babarengan lamun teu badami heula?

⁴Ari singa di leuweung naha osok ngagaur lamun tacan manggih mangsa? Ari singa ngora naha osok ngagerem dina guhana lamun tacan beubeunangan?

⁵Ari manuk naha beunang kaleugeut lamun henteu dibibitaan heula ku eupan? Ari senteg naha sok ngajeplak lamun taya nu narajang?

⁶Lamun tarompet perang geus disadakeun, naha lain matak ngadegdeg pangeusi kota?

Naha balahi bisa tumiba ka hiji kota lamun
lain kersaning PANGERAN?

⁷ PANGERAN Nu Maha Agung moal waka
midamel naon-naon samemeh ngawahyukeun
heula rarancang Mantenna ka para abdi-Na,
nya eta nabi-nabi.

⁸ Lamun singa ngagaur saha anu teu
ngarasa gimir? Lamun PANGERAN Nu Maha
Agung geus ngandika, saha anu bisa nyegah
sangkan ulah aya anu ngembarkeun?

⁹ Umumkeun ka nu caricing di karaton Mesir
jeung karaton Asdod, kieu: "Geura kumpul
di pasir-pasir nu ngalingkung Samaria. Tenjo
kumaha poharana kakusutan jeung kajahatan
di dinya."

¹⁰ Dawuhan PANGERAN, "Eta jalma-jalma
ngareusian gedong-gedongna anu galede
ku barang-barang hasil kajahatan jeung
kate lengesan. Maranehna malah nepi ka teu
nyarahoeun sangkan jujur teh kudu kumaha.

¹¹ Ku sabab kitu nagrina bakal dikepung
ku musuh, pertahananana bakal tumpur,
gedong-gedongna ahu galede bakal dirayah."

¹² Dawuhan PANGERAN, "Saperti domba
anu dihakan singa, anu beunang deui ku nu
ngangonna ngan sukuna sapasang atawa
ngan ceulina sabeulah, urang Samaria oge,
anu ayeuna keur senang-senang ngaredeng
dina katil nu aralus, engke ngan kari saeutik.

¹³Ayeuna darengekeun, sarta turunan Yakub bere nyaho," timbalan PANGERAN Nu Maha Agung jeung Maha Kawasa.

¹⁴"Dina poean Kami ngahukum urang Israil, altar-altar di Betel ku Kami baris digempur, tungtung-tungtung juruna rek dipotong-potongkeun sina ragragan kana taneuh.

¹⁵Imah-imahna paragi musim tiis jeung musim panas rek diancur-ancurkeun. Imah-imah anu dihias ku gading rek diburak-barik. Imah-imah galede kabeh rek digempur."

4 ¹Darengekeun, eh awewe-awewe urang Samaria, anu beuki lalintuh siga sapi-sapi Basan anu alus parab, tukang neungteuinganan anu lalemah, tukang ngajepit nu miskin, tukang ngurihit ka salaki menta dicukup inuman keras!

²PANGERAN Nu Maha Agung tur suci geus ikrar kieu, "Poena bakal datang maranehna bakal digusur ku kakait kawas lauk anu kakait ku useup.

³Maraneh bakal disered kana tembok beulah anu pangnampeuna, dicentok lung dibelewerkeun."

⁴PANGERAN Nu Maha Agung ngadawuh, "Eh urang Israil, geura ka Betel tempat nu suci. Pek diditu nyieun dosa ari kudu mah! Geura ka Gilgal, pek di ditu nyieun dosa sing puas! Jig ka daritu mawa sato keur kurbankeuneun

saban isuk, jeung mere perpuluhan saban tilu poe sakali.

⁵Jig geura ngabaktikeun roti tanda nganuhunkeun ka Allah, tuluy agul-agul pedah ngabaktikeunana dileuwihan! Memang kitu karesep maraneh!

⁶Kota-kota maraneh kabeh didatangan bahlala kalaparan. Kami anu ngadatangkeunana, tapi maraneh henteu baralik deui ka Kami.

⁷Waktu pepelakan maraneh kacida perluna ku hujan, hujan ku Kami ditahan. Kami nurunkeun hujan ka kota nu ieu, tapi ka kota nu itu mah henteu. Hujan turun ka lahan nu ieu, lahan nu itu mah angger garing.

⁸Bari lalungse lantaran halabhab, jalma-jalma ti sababaraha kota arindit ka kota sejen, ngarep-ngarep sugar manggih cai, tapi di batur ge cai teu cukup keur nginum-nginum acan. Tapi angger maraneh henteu baralik deui ka Kami.

⁹Kami ngirimkeun angin panas, pepelakan maraneh nepi ka parerang. Kebon-kebon maraneh, kebon anggur, tangkal kondang, tangkal jetun, beak digalaksak ku simeut. Tetep keneh maraneh henteu baralik deui ka Kami.

¹⁰Maraneh dikeunaan pagebug kawas pagebug anu di Mesir. Barudak ngorana ku Kami disina paraeh dina perang, kuda maraneh dijarah. Irung maraneh ku Kami dipinuhan ku bau bangke anu meleber ti

pakemahan maraneh. Tapi tetep maraneh henteu baralik deui ka Kami.

¹¹ Maraneh sawareh ku Kami ditumpes, sakumaha Kami numpes Sadumu jeung Gomora. Anu harirup keneh ge geus kawas kayu tutung sesa kabeuleum. Tapi anger keneh bae, maraneh henteu baralik deui ka Kami," timbalan PANGERAN.

¹²"Ku sabab kitu, eh urang Israil, maraneh geus pasti ku Kami dihukum. Pek geura sadia nyanghareupan hukuman ti Kami!"

¹³Nya Allah nu ngadamel gunung-gunung, nu ngayakeun angin. Eusi manah-Na ditembrakkeun ka manusa. Mantenna anu ngaganti beurang ku peuting, anu angkat dina puncak bumi. Jenengana-Na, PANGERAN Allah Nu Maha Kawasa.

5 ¹Darengekeun eh urang Israil,
darengekeun ieu lagu anu ngalengis:

²Parawan Israil geus tibeubeut, hamo menyat deui! Ngajoprak dina taneuh pada ninggalkeun, taya nu haat nulungan.

³PANGERAN Nu Maha Agung ngandika, "Hiji kota di Israil ngiangkeun sarebu prajurit, nu bisa mulang ngan saratus. Kota nu hiji deui ngiangkeun saratus, nu bisa mulang ngan sapuluh."

⁴Dawuhan PANGERAN ka urang Israil, "Hiap ka Kami, tangtu rahayu.

⁵Lamun rek ngabarakti ulah arindit ka Bersyeba. Mun arek neangan Kami ulah

ka Betel, sabab Betel bakal tumpur. Ulah neangan ka Gilgal, sabab urang Gilgal bakal cilaka diboyong."

⁶Geura datang ka PANGERAN sangkan rahayu. Upama henteu tarobat, tinangtu Mantenna nyamber saperti seuneu ka urang Israil. Seuneu bakal ngaduruk urang Betel, seuneuna moal aya nu bisa mareuman.

⁷Cilaka maraneh, eh tukang nangtang kaadilan, tukang ngalanggar hak pada jalma!

⁸PANGERAN ngadamel bentang-bentang, bentang Tujuh jeung Orion. Mantenna ngaganti poek ku caang, ngaganti beurang ku peuting. Mantenna nyaur cai ti laut, dikucurkeun ka daratan. Jenengan Mantenna PANGERAN.

⁹Mantenna numpes anu karawasa katut pertahananana.

¹⁰Maraneh ijid ka sakur anu ngalawan kateuadilan jeung ka nu ngomong saenyana di pangadilan.

¹¹Maraneh ngajepit nu mariskin, ngarampasan gandumna. Ku sabab kitu, maraneh moal bisa nyicingan imah-imah gedong beunang maraneh nyieun. Moal bisa nginum anggur ti kebon anggur beunang maraneh melak.

¹²Sabab tetela pisan ka Kami dosa maraneh pohara gedena, kajahatan maraneh teu kira-kira. Maraneh nyusahkeun jalma-jalma anu balener. Maraneh resep disogok, sarta

nyegah sangkan nu mariskin ulah meunang kaadilan di pangadilan.

¹³Anu matak, dina jaman anu jahat kawas kitu mah jalma teh leuwih utama lamun cicing.

¹⁴Usahakeun migawe nu bener, ulah migawe nu jahat, supaya bisa hirup. Lamun kitu, PANGERAN, Allah Nu Maha Kawasa bakal kersaeun nyarengan, sakumaha pamenta maraneh.

¹⁵Kudu ijid kana kajahatan, pikaresep lampah bener, adegkeun kaadilan di pangadilan, malakmandar PANGERAN kersaeun mikawelas ka nu harirup keneh di ieu bangsa.

¹⁶PANGERAN Nu Maha Agung jeung Maha Kawasa, nimbalan, "Di unggal jalan di kota, jalma-jalma bakal careurik aluk-alukan. Malah patani-patani ge bakal dicaralukan diajak nyeungceurikan nu geus paraeh, bareng jeung jalma-jalma anu diupah nyeungceurikan.

¹⁷Di kebon-kebon anggur ge bakal aya nu maridangdam. Hal eta tangtu kajadian, sabab Kami tangtu datang ngahukum maraneh." Kitu timbalan PANGERAN.

¹⁸Cilaka maraneh, ngarep-ngarep kana poena PANGERAN! Da naon pihadeeunana eta poe keur maraneh? Pikeun maraneh mah eta teh poek, lain poe caang.

¹⁹Keur maraneh mah ibarat kabur ti singa amprok jeung biruang! Atawa cara nu datang ka imah, barang nyabak tembok, ari cok dipacok oray!

²⁰Poena PANGERAN bakal mawa poek, lain mawa caang, hiji poe mendung, lain poe anu bengras.

²¹Timbalan PANGERAN, "Kami ijid jeung geus teu tahan pesta-pesta agama maraneh!"

²²Kami embung nampa kurban beuleuman jeung kurban kadaharan ti maraneh.

Kami embung nampa sato-sato beunang ngalintuhan anu ku maraneh dibaktikeun ka Kami.

²³Meugeus eureunan nyanyian-nyanyian maraneh anu ngagandengan, sarta Kami teu hayang ngadenge sora kacapi maraneh.

²⁴Sabalikna jalankeun kaadilan lir walungan ngocor, jalankeun kajujuran sing saibarat walungan anu teu saat-saat.

²⁵Eh urang Israil, di jero opat puluh taun Kami nuyun maraneh di gurun keusik, Kami teu menta kurban-kurban, teu menta pangbakti.

²⁶Ayeuna, ku sabab maraneh geus nyarembah ka arca Sakut, dewa anu ku maraneh dijieu raja, jeung ka Kewan dewa bentang maraneh, maraneh bakal ngagogotong eta arca-arca,

²⁷waktu maraneh engke ku Kami dipiceun ka pangbuangan di beulah ditueun Damsik."

Kitu dawuhan PANGERAN, anu jenengana-Na Allah Nu Maha Kawasa.

6 ¹Cilaka maraneh, eh anu keur sareng hirup di Sion, jeung anu keur ngarasa aman hirup di Samaria maraneh para pangagung Israil bangsa nu gede, anu biasana sok dipentaan tulung ku rahayat!

²Teang, ilik ka kota Kalne, ti dinya tuluykeun ka Hamat kota gede, terus ka kota Gat di tanah Pelisti. Kumaha eta teh leuwih hade ti batan karajaan Yuda jeung karajaan Israil? Kumaha wewengkonna leuwih lega ti batan nagara maraneh?

³Maraneh tangtu arembung nyorang eta poe cilaka, tapi kalakuan maraneh malah ngagancangkeun datangna eta picilakaeun.

⁴Eta poe kacida matak cilakana ka maraneh, anu ayeuna keur sareng ngedeng dina ranjang nu aralus, anu ayeuna pesta-pesta dalahar daging anak sapi jeung daging anak domba.

⁵Maraneh resep ngarang lalaguan cara Daud jeung dilaguken ku kacapi.

⁶Maraneh ngarinum anggur sapinggan pinuh, awak make seuseungitan nu marahal. Maraneh nalangsa Israil ancur.

⁷Ku sabab kitu engke maraneh nu pangheulana bakal indit ka pangbuangan. Pesta-pesta jeung perjamuan-perjamuan maraneh moal aya deui.

⁸PANGERAN Nu Maha Kawasa geus ngingetan keras, dawuhana-Na: "Kami ijid kana kasombongan urang Israil, teu resep ka gedong-gedongna najan aralus. Ibukota maranehna jeung sagala rupa nu aya di dinya ku Kami rek diselehkeun ka musuh."

⁹Mun tina sakulawarga aya nu nyesa sapuluh urang, eta sesa kabeh bakal tumpes.

¹⁰Mayitna bakal dikaluarkeun ti imah ku barayana anu kudu nguburkeun. Eta barayana bakal nyalukan ka nu harirup keneh di imah, "Aya keneh nu sejen di dinya?" Tembalna, "Euweuh!" Ceuk nu rek nguburkeun, "Geus atuh, cicing! Urang kudu ati-ati, nyebut jenengan PANGERAN ge ulah."

¹¹Lamun PANGERAN geus nimbalan, imah-imah nu gede nu leutik bakal ancur burak-barik.

¹²Bisaeun kuda lumpat di gunung batu? Na aya jelema anu masangan sapi tuluy ngawuluku laut? Tapi ku maraneh mah kaadilan teh dijieun racun, nu bener disebut salah.

¹³Maraneh agul bisa ngarebut kota Lodebar, tuluy susumbar, "Ngajabel Karnaim tangtu bisa, urang kuat."

¹⁴PANGERAN Allah Nu Maha Kawasa ku manten ngadawuh, "Eh urang Israil, Kami rek ngadatangkeun hiji balad asing nu bakal ngajabel nagri maraneh. Eta balad bakal ngabereg ka maraneh ti kaler ti jalan anu ka

Hamat, terus nepi ka Lebak Araba di beulah kidul."

7 ¹Kaula meunang titingalan ti PANGERAN Nu Maha Agung. Dina eta titingalan, kaula ningal Mantenna nyiptakeun pirang-pirang simeut, waktu jarami pikeun raja geus dibabab, sarta jukut mimiti jaradi dina urutna.

²Eta simeut-simeut ngahakanan nepi ka beak sawarnaning tutuwuhan naon bae nu aya di jero nagri. Pok kaula unjukan, "Nun PANGERAN Nu Maha Agung, mugi umat Gusti dihapunten. Bade tiasaeun tahan kumaha, margi maranehna sakitu alitna sareng hengker."

³PANGERAN leler manah-Na tuluy ngawaler, "Eta nu katenjo ku maneh moal kajadian."

⁴Kaula meunang deui titingalan ti PANGERAN Nu Maha Agung. Kaula ningal Mantenna keur sasayagian rek ngahukum umat-Na ku seuneu. Eta seuneu geus ngaduruk beak sagara gede handapeun bumi, tur geus mimiti ngaduruk daratan.

⁵Pok kaula unjukan, "Parantos, nun Gusti PANGERAN! Bade tahan kumaha umat Gusti, margi maranehna sakitu alitna sareng hengker."

⁶PANGERAN leler deui manah-Na, seug ngawaler, "Nu ieu ge moal kajadian."

⁷Kaula meunang deui titingalan ti PANGERAN. Kaula ningal Mantenna keur ngadeg di sisi hiji kuta nu geus diukur ku

tali gantung, panangana-Na nyepeng eta tali gantung.

⁸ Mantenna mariksa, "Nenjo naon, Amos?" Piunjuk kaula, "Ningal tali gantung." Dawuhana-Na deui, "Kami make ieu tali gantung pikeun nuduhkeun yen umat Kami lir kuta nu nangtungna teu lempeng. Anu matak Kami moal robah deui niat, maranehna kudu dihukum.

⁹ Tempat-tempat anu dipake tempat ibadah ku anak incu Ishak ku Kami rek diancurkeun. Tempat-tempat suci di Israil rek diruntuh-runtuhkeun. Turunan Raja Yarobam arek ditumpes."

¹⁰ Amasia, imam di Betel ngirim laporan ka Yarobam, raja Israil, laporanana: "Amos nuju sakait sareng rahayat bade ngalawan ka Kangjeng Raja. Omonganana matak ngaruntagkeun nagara.

¹¹ Kieu sanggemna: Yarobam bakal perlaya, tiwas kasambut perang. Urang Israil bakal diboyong ti nagrina."

¹² Ti dinya Amasia ngomong kieu ka Amos, "Geus, geura eureun, nabi! Ka ditu geura balik ka nagri Yuda. Kotbah maneh ucapkeun di ditu bae, sangkan dibayar ku urang ditu.

¹³ Maneh teu meunang wewejang deui di dieu, di Betel. Di dieu mah tempat paragi raja ngajalankeun ibadah, tempat ibadah nasional!"

¹⁴ Waler Amos, "Kaula lain nabi anu malar bayaran. Kaula saenyana tukang ngangon jeung tukang ngurus pelak kondang.

¹⁵ Tapi ku PANGERAN dicandak tina pagawean ngangon, diparentah kudu ngemban pangandika-Na ka urang Israil.

¹⁶ Ayeuna, reungeukeun ieu pangandika PANGERAN. Anjeun ngalarang kaula ngawejang, ngalarang kaula ngomongan urang Israil.

¹⁷ Ku sabab kitu, Amasia, kieu pangandika PANGERAN perkara anjeun, Pamajikan maneh bakal ngalacurkeun diri di jero kota. Anak-anak maneh awewe lalaki bakal tumpes ku perang. Lahan maneh bakal dibagi-bagikeun ka batur. Diri maneh bakal paeh di nagri nu nyarembah ka brahala. Urang Israil bakal diboyong ti nagrina."

8¹ Kaula meunang deui titingalan ti PANGERAN Nu Maha Agung. Kaula ningal karanjang dieusi bubuahan.

² PANGERAN mariksa ka kaula, dawuhana-Na, "Nenjo naon, Amos?" Piunjuk kaula, "Ningal bubuahan sakaranjang." Dawuhana-Na deui, "Umat Kami Israil geus nepi ka panungtunganana. Kami moal robah deui niat, maranehna kudu dihukum.

³ Dina mangsa eta kawih di karaton bakal ganti ku ceurik jeung midangdam. Bangke jalma di mana-mana, dipiceunan rerencepan."

⁴Darengekeun ieu, eh jalma-jalma tukang ngaleyek jalma walurat, anu usaha ngabasmi kaom miskin ti jero nagri.

⁵Ceuk maraneh, ngomong sorangan, "Geus teu sabar ngadago lekasanaana poe-poe suci, hayang buru-buru ngajual gandum. Iraha rek anggeusna poe Sabat teh? Hayang buru-buru barang jual deui. Rek nyatut harga, malsu takeran jeung ngulinkeun timbangan, nипу langganan.

⁶Tarigu murah ge bisa dijual mahal. Terus rek neangan jalma miskin nu teu bisaeun mayar hutang, najan hutangna ngan saharga sendal sapasang; eta jalma rek dibeuli keur pibadegaeun."

⁷PANGERAN, Allahna urang Israil geus sumpah, "Kami moal bisa poho kana kalakuan maranehna anu sakitu jahatna.

⁸Ku sabab kitu bumi bakal inggeung ku lini, jalma-jalma bakal tunggara. Sakuliah nagri bakal genjlong jeung naek turun kawas umpalan Walungan Nil.

⁹Bakal datang mangsa panonpoe ku Kami rek disina surup wanci tengah poe, bumi sina poek beurang keneh. Kitu timbalan Kami, PANGERAN Nu Maha Agung.

¹⁰Pesta-pesta maraneh rek dibalik jadi poe nguburkeun, nyanyian-nyanyian gumbira maraneh rek diganti ku midangdam. Maraneh ku kami rek dipaksa ngagarundulan sirah jeung marake baju karung. Maraneh bakal

careurik lir kolot anu ditinggalkeun paeh ku anak hiji-hijina. Dina ahirna eta mangsa teh kacida matak balangsakna.

¹¹ Tangtu cunduk kana waktu, Kami rek ngadatangkeun bahla kalaparan ka ieu nagri. Jalma-jalma bakal kalaparan, tapi lain ku sabab teu manggih dahar, bakal halabhab lain ku sabab teu manggih cai, tapi ku sabab kangen kana pangandika PANGERAN. Kitu timbalan Kami, PANGERAN Nu Maha Agung.

¹² Jalma-jalma bakal ngalantur ti Laut Paeh ka Laut Tengah, terus nguriling ti kaler ka wetan, nareangan pesen ti PANGERAN ka ditu ka dieu, tapi taya nu hasil.

¹³ Perjaka jeung parawan nu jagjag waringkas ge harita mah bakal kapariuhan henteu kuat ku halabhab.

¹⁴ Anu sok sarumpah nyebut brahala-brahala Samaria, nyebut, Demi Dewa Dan atawa Demi Dewa Bersyeba bakal tinglenggerek tur moal menyat deui."

9 ¹ Kaula ningal PANGERAN keur ngadeg deukeut altar. Mantenna maparin parentah, "Gedor ieu pilar-pilar Bait Allah sataker tanaga nepi ka inggeung jeung pademenna, sina rugrug ninggangan sirah jelema-jelema. Anu henteu paraeh ku ieu, ku Kami baris ditumpes ku perang. Hiji hamo aya anu kari, saurang hamo aya nu luput.

²Sanajan ngaliang ka enggon nu paeh mo burung kakoreh, ngabecir ka langit, ku Kami mo burung kacangking.

³Sanajan nyumput ka puncak Gunung Karmel, rek dikotek tak, mo burung katewak. Nyumput ka dasar laut, Kami rek nitah naga laut sina ngerekeb maranehna.

⁴Atawa upama diboyong ku musuhna, Kami rek marentah ka musuhna sina maraehan maranehna. Cindekna Kami geus mastikeun baris numpes maranehna, lain rek nulungan."

⁵Nu Maha Agung, PANGERAN Nu Maha Kawasa noel bumi, bumi lini, pangeusina tunggara, taneuh umpalan kawas Walungan Nil.

⁶PANGERAN ngadamel tempat tinggal-Na di antariksa, ngadamel kelewung langit luhureun bumi. Cai laut disaur, dikucurkeun ka daratan. Jenengan Mantenna: PANGERAN.

⁷Dawuhan PANGERAN, "Eh urang Israil! Asana Kami ka maraneh teh teu beda ti ka urang Sudan. Maraneh ku Kami geus dibawa ti Mesir, sakumaha Kami mawa urang Pelisti ti Pulo Kreta, kitu deui urang Siria ti tanah Kir.

⁸Kami, PANGERAN Nu Maha Agung keur nitenan ieu karajaan Israil anu pinuh ku dosa, arek dileungitkeun ti ieu jagat. Tapi turunan Yakub ku Kami moal ditumpes kabeh.

⁹Kami baris marentahkeun sangkan urang Israil diayak kawas ngayak gandum, diayak di

tengah bangsa-bangsa, anu garorengna baris dipiceun.

¹⁰Umat Kami anu darorakana, bakal paraeh ku perang. Maranehna sok ngaromong kieu, Allah moal ngantep urang keuna ku balahi."

¹¹Dawuhan PANGERAN, "Bakal datang mangsana karajaan Daud anu geus rugrug lir imah anu burak-barik, ku Kami diadegkeun deui. Kutana arek diomean sina nangtung deui pulih saasalna baheula.

¹²Naon bae anu nyesa keneh di tanah Edom, kitu deui bangsa-bangsa anu tadina kagungan kami, kabeh bakal kapiboga ku Israil," timbalan PANGERAN, anu geus nangtukeun sangkan hal eta laksana.

¹³"Geus tereh mangsana," dawuhan PANGERAN, "gandum jadina leuwih gancang ti batan dialana, anggur tumuwuhna leuwih gancang ti batan waktu nyieun cianggur. Cai anggur nyurucud ti gunung-gunung, ngalocor ti pasir-pasir.

¹⁴Umat Kami rek dipulangkeun ka nagrina. Maranehna bakal ngadegkeun deui kota-kotana nu ancur, terus maratuh di dinya. Bakal ngararebon anggur, bakal ngarinum cianggur, bakal pepelakan sarta ngadahar hasilna.

¹⁵Umat Kami sina tumuwuh dina tanahna, tanah pamere ti Kami tea. Tur moal aya deui anu ngarabut maranehna ti dinya." Kitu timbalan PANGERAN, Allah maraneh.

Obaja

1 ¹Ieu ramalan Obaja. Anjeunna nyaurkeun timbalan PANGERAN Nu Maha Agung ngeunaan bangsa Edom. PANGERAN geus ngintun utusan ka bangsa-bangsa, sarta urang geus ngadenge pesen Mantenna: Geura tatan-tatan! Urang ngarurug merangan Edom!

²Timbalan PANGERAN ka Edom, "Maneh ku Kami rek dijadikeun hengker, bakal dihina ku unggal jalma.

³Maneh bakal katipu ku kaangkuhan sorangan. Ibukota maneh benteng tohaga tina batu karang teuas, imah maneh di puncak-puncak gunung anu laluhur, maneh ujub ngomong sorangan, Saha nu kuat ngarubuhkeun aing?

⁴Sanajan tempat maneh luhur, nepi ka siga aya di antara bentang-bentang, kawas sayang rajawali, ku Kami mo burung beunang dibedol.

⁵Bangsat nu datang ti peuting, ngan nyokotan nu dipikahayangna. Nya kitu deui anu mupu buah anggur, sok nyesakeun saeutik. Musuh maneh mah ti maneh moal ngarikeun naon-naon, kabeh nu aya tangtu disapu dikoredaskeun.

⁶Eh turunan Esau, maneh digaradah, harta pependeman maneh dijarah.

⁷Maneh ditipu ku bangsa anu ngabatur, tuluy diusir ti nagri sorangan. Maneh geus dielehkeun, ku jalma-jalma anu tadina alakur jeung maneh. Babaturan maneh anu osok dahar babarengan, geus naheunan ka maneh. Maneh diomongkeun ku maranehna, Mana buktina manehna pinter?

⁸Dina poean Kami ngahukum Edom, jelema-jelemana nu palinter rek dibasmi, kabijaksanaanana ku Kami rek dileungitkeun.

⁹Tukang-tukang tarung urang Tman bakal kasieunan, perjurit Edom kabeh bakal paraeh."

¹⁰"Ku sabab maneh geus ngarampog, jeung maehan turunan Yakub, dulur-dulur sorangan, maneh bakal dibasmi, bakal nista sapapanjangna.

¹¹Basa musuh-musuh ngaruksak lawang-lawang gapura dulur-dulur maneh, harita maneh aya, nangtung nenjokeun. Maneh sarua jahatna jeung eta musuh, anu ngarakutan jeung ngabagi-bagi kakayaan Yerusalem.

¹²Nenjo dulur-dulur di Yuda meunang musibat, kuduna maneh ulah mpuas. Ulah atoh nenjo maranehna cilaka, ulah nyeungseurikeun nenjo maranehna nalangsa.

¹³Teu pantes maneh ngasupan nagri umat Kami, mpuas ka dulur anu keur tunggara,

komo bari ngarampogan harta dulur anu keur katarajang balahi.

¹⁴Teu pantes maneh ngajega di parapatan, newakan dulur-dulur nu rek kalabur. Benerna mah dulur-dulur nu keur balangsak teh ku maneh tong diserenkeun ka musuh."

¹⁵"Geus tereh poena, Kami, PANGERAN bakal ngaadilan bangsa-bangsa. Sakur nu geus dilampahkeun ku maneh, Edom, bakal dibales satimpal, eta kalakuan maneh bakal malik ka diri sorangan.

¹⁶Umat Kami, di gunung Kami nu suci, geus nginum hukuman anu pait. Tapi bangsa-bangsa nu di sakurilingeunana, bakal nginum hukuman nu leuwih ti kitu paitna, bakal diinum beak, tuluy maranehna musna."

¹⁷"Tapi di gunung Sion bakal aya nu bisa rahayu, sarta eta gunung bakal jadi tempat suci. Turunan Yakub baris ngabogaan deui tanah pusakana.

¹⁸Turunan Yakub jeung turunan Yusup bakal kawas seuneu, bakal ngabasmi turunan Esau kawas seuneu ngaduruk jarami. Turunan Esau mo aya nu bisa ngejat. Kitu timbalan Kami, PANGERAN.

¹⁹Tanah Edom bakal dilindih ku urang Yuda kidul. Nu ti suku gunung beulah kulon, bakal ngarebut tanah Pelisti. Urang Israil bakal ngamilik wewengkon Epraim jeung Samaria. Turunan Binyamin bakal ngarebut Gilad.

²⁰ Urang Israil kaler bakal marulang ti pangbuangan, tuluy ngarebut Penesia nepi ka Sarpat di kaler. Urang Yerusalem anu dibuang ka Sardis, bakal ngarebut kota-kota Yuda kidul.

²¹ Urang Yerusalem anu jaya bakal nempuh jeung nalukkeun Edom, sarta PANGERAN ku anjeun nu bakal jadi raja."

Yunus

1 ¹Hiji mangsa PANGERAN nimbalan ka Yunus putra Amitai.

²Timbalana-Na, "Maneh kudu indit ka Ninewe, kota nu gede tea. Ancam urang dinya, sabab Kami nyaho kalakuan maranehna nu kacida gorengna."

³Tapi Yunus anggur angkat ka tujuan anu sabalikna. Angkatna teh ka Yopa. Maksudna geusan nyinkiran PANGERAN. Di dinya aya kapal nu rek ka Sepanyol. Sanggeus mayar ongkos jalan, anjeunna unggah bareng jeung urang kapal, terus balayar ka nagara Sepanyol, sangkan jauh ti PANGERAN.

⁴Tapi PANGERAN ngadatangkeun angin ribut di laut, topan kacida gedena nepi ka kapal meh bejad.

⁵Matros-matros garugup, tuluy sasambat marenta tulung ka dewana masing-masing. Geus kitu muatan kapal dibalang-balangkeun ka laut, pikeun ngurangan pibahlaeun. Ari Yunus mah harita teh kulem tibra pisan di bagian handap.

⁶Kapanggih ku nangkoda, sarta ceuk eta nangkoda ka Yunus, "Naha kalah ka sare? Hudang, sasambat ka dewa anjeun menta pitulung. Malakmandar aya piwelasna ngajait urang tina baya pati."

⁷ Matros-matros ngaromong pada batur, "Urang lotrekeun, supaya kanyahoan saha nu jadi gara-gara nepi ka urang nyorang ieu bahla." Sanggeus dilotre, lotrena keuna ka jenengan Yunus.

⁸ Ku sabab eta ceuk maranehna ka anjeunna, "Cobi wakcakeun, Ieres ieu teh gara-gara anjeun? Bade naon aya di dieu? Anjeun asal ti mana? Bangsa naon?"

⁹ Waler Yunus, "Kaula urang Ibrani. Kaula ngabakti ka PANGERAN, Allah nu jumeneng di sawarga, nu ngadamel daratan jeung lautan." Saterusna anjeunna nerangkeun yen keur minggat ti PANGERAN.

¹⁰ Matros-matros jadi kacida sarieuneunana, pok ngaromong ka anjeunna, "Ku naon anjeun nepi ka wani kitu?"

¹¹ Ari topan beuki tambah jadi, seug matros-matros teh naranya ka anjeunna, "Kedah dikumahakeun anjeun teh supaya ieu topan eureun?"

¹² Nabi Yunus ngawaler, "Alungkeun kaula ka laut, engke laut leler. Sabab kaula nu jadi lantaran aranjeun katarajang topan sakieu rosana teh."

¹³ Tapi urang kapal teh anggur haben bae ngadayung, nyoba nyisikeun kapal ka basisir. Tapi gaplah kawantu topan beuki ngamuk.

¹⁴ Ku sabab kitu maranehna sasambat ka PANGERAN, "Duh PANGERAN, mugi abdi-abdi sadaya ulah dihukum dugi ka tiwas, wireh

abdi-abdi kapaksa kedah ngorbankeun ieu jalmi! Ieu perkawis disanggakeun ka Anjeun, nun PANGERAN, margi ieu sadaya pangersa Anjeun."

¹⁵ Geus kitu Yunus ku maranehna digotong, tuluy dialungkeun ka laut. Rep laut leler harita keneh.

¹⁶ Matros-matros jadi kacida sarieuneunana ku PANGERAN, nepi ka ngurban sarta jangji seja ngabakti ka Mantenna.

¹⁷ Ku kersaning PANGERAN, Yunus dilegleg ku lauk gede. Tilu poe tilu peuting anjeunna aya di jero beuteung eta lauk.

2 ¹Di jero beuteung eta lauk, Yunus sasambat ka PANGERAN Allahna,

²"Nun PANGERAN, sajeroning prihatin, abdi sasambat ka Gusti, Gusti kersa ngadangu. Ti ieu enggon maot anu jero sakalangkung, abdi nyuhunkeun pitulung, ku Gusti dikabul.

³Gusti ngunclungkeun abdi ka nu jero, dugi ka dasar laut pisan, abdi dilingkung ku cai, sareng digulung ku ombak rongkah ti Gusti.

⁴Ceuk emutan, abdi teh parantos dipiceun ti payuneun Gusti, moal ningal-ningal deui Bait Allah, gedong Gusti nu suci.

⁵Abdi digulung sareng digencet ku cai, ngalelep dirungkup ku laut sirah kagubed ku ganggeng laut.

⁶Abdi tilelep dugi ka dasar gunung-gunung, ka alam anu lawangna meundeut salalanggengna. Nanging Gusti, nun

PANGERAN, Allah sim abdi, ngajait hirup abdi ti jero laut.

⁷ Nalika ngaraos yen hirup abdi nuju ngoleang, abdi sasambat ka Gusti, nun PANGERAN, ku Gusti kadangu ti Bait Allah, gedong Gusti nu suci.

⁸ Anu nyarembah ka brahala nu tanpa guna, parantos teu saratia deui ka Gusti.

⁹ Dupi abdi mah bade nyanggakeun pupujian ka Gusti, sareng bade nyanggakeun kurban. Mung PANGERAN nu iasa nyalametkeun, seja nedunan jangji abdi!"

¹⁰ Geus kitu PANGERAN nimbalan ka lauk tea, sangkan Yunus diutahkeun ka basisir. Seug ku lauk diutahkeun.

3 ¹ PANGERAN nimbalan deui ka Yunus.

² Timbalana-Na, "Geura indit ka Ninewe, kota nu gede tea, tepikeun ka urang dinya sakumaha timbalan Kami."

³ Yunus nurut, tuluy angkat ka Ninewe. Ninewe teh kota gede pisan, ngambah eta kota teh lalakon tilu poe.

⁴ Yunus lebet ka dinya. Sanggeus angkat sapoe jeput, anjeunna mimiti nguarkeun, saurna, "Opat puluh poe deui Ninewe bakal dibasmi!"

⁵ Urang Ninewe palercaya kana eta pesen PANGERAN. Maranehna mutuskeun yen kabeh kudu puasa, sakabeh jelema, ti nu pangmulyana nepi ka nu panghinana sarta

kudu marake baju karung, nandakeun pertobat.

⁶Barang raja Ninewe ngadenge eta perkara, neut cengkat tina tahtana, tuluy nyosoeh jubahna, diganti ku baju karung, tuluy diuk dina lebu.

⁷Geus kitu anjeunna ngaluarkeun bewara ka sakumna rahayat Ninewe, ungelna, "Ieu parentah raja jeung para gegedenna: Jalma-jalma, sapi, domba, teu meunang aya nu dahar naon-naon, teu meunang dahar, teu meunang nginum.

⁸Jalma-jalma kabeh kudu marake baju karung. Sasatoan oge kudu dipakeeanan karung. Saban jalma kudu sasambat ka Allah masing enya-enya pisan, sarta kudu miceun adat nu goreng, nyegah lampah nu jahat.

⁹Muga-muga Allah robah manah sarta bendu-Na leler, supaya urang ulah paraeh!"

¹⁰Allah ningali lampah maranehna. Ningalieun yen maranehna geus miceun tabeatna anu jahat. Ku sabab kitu pangersa-Na dirobah, henteu tulus ngahukum maranehna.

4¹Ku hal eta, Yunus pohara ngaraos mentegegna, malah bendu.

²Tuluy sasambat kieu, "Duh PANGERAN, sanggem abdi ge memeh mios ti rorompok, kumaha? Tangtos kieu pijadieunana! Eta margina pang abdi teras minggat ka Sepanyol! Abdi parantos apal, Gusti teh Allah

anu sipat welas, sipat hampura, sabar teu aya watesna, sae salalamina, salamina sok tara ciros bae ngahukum.

³ Kitu nu mawi, ayeuna mah cabut nyawa abdi, langkung sae maot ti batan hirup."

⁴ PANGERAN ngawaler, "Naon hak maneh nu matak ambek?"

⁵ Geus kitu Yunus kaluar ti dinya, tuluy calik wetaneun eta kota. Anjeunna ngadamel saung, tuluy ngiuhan di dinya bari ngawas-ngawas, hayang uninga naon nu bakal tumiba ka eta kota.

⁶ Lajeng PANGERAN Allah ngersakeun aya tangkal jarak anu ngadadak jadi di dinya, jangkungna ngungkul-an Yunus, malar anjeunna kaiuhan sarta leuwih genah calikna di dinya. Yunus ngaraos kacida sugemana ku ayana eta tangkal teh.

⁷ Tapi poe isukna, subuh-subuh keneh pisan, ku parentah Allah, akar eta tangkal diruksak ku hiji cacing nepi ka terus layu.

⁸ Sanggeus panonpoe meletek, Allah ngadatangkeun angin panas ti wetan. Yunus mehmeh katuralengan, sabab mastakana katojo pisan ku panonpoe, nepi ka humandeuar mundut ajal. Saurna, "Ti batan hirup kieu mah, mending ge paeh sakalian."

⁹ Tapi lahiran PANGERAN ka anjeunna, "Naon hak maneh nu matak ambek ku hal eta tangkal?" Waler Yunus, "Memang abdi gaduh

hak pikeun ambek, ambek pisan dugi ka asa maot."

¹⁰Timbalan PANGERAN, "Eta tangkal jadina di jero sapeuting, euweuhna deui peuting isukna. Eta lain beunang melak maneh, lain maneh anu ngajadikeunana. Parandene maneh ngarasa lebar!

¹¹Komo Kami, pohara ngarasa lebarna, pohara watirna ka Ninewe, kota nu sakitu gedena. Leuwih ti kitu, di dinya teh aya barudak anu can nyaraho naon-naon, lobana leuwih ti 120.000 urang, kitu deui sasatoan anu sakitu lobana."

Mikha

1 ¹Ieu pangandika PANGERAN ka Mika,
urang Moreset, waktu Yotam, Ahas jeung
Hiskia patuturut jumeneng raja di nagri
Yuda. PANGERAN maparinkeun ieu wahyu
ka anjeunna, ngeunaan sagala perkara anu
tumali jeung Samaria jeung Yerusalem.

²Eh bangsa-bangsa kabeh, darengekeun!
Raregepkeun ku sakabeh pangeusi bumi!
PANGERAN Nu Maha Agung baris jadi saksi
ngalawan maraneh. Regepkeun! Mantenna
ngandika ti bait-Na di sawarga.

³PANGERAN tereh sumping ti tempat-Na
nu suci, lungsur angkat di puncak-puncak
gunung.

⁴Gunung-gunung handapeun Mantenna
laleyur kawas lilin leyur ku seuneu.
Leleyuranana nyeot ka lebak-lebak, kawas cai
nyeot ti lamping pasir.

⁵Ieu kabeh pasti kajadian, ku karana urang
Israil geus migawe dosa jeung ngalawan ka
Allah. Saha anu ngalantarankeun Israil jadi
ngaralawan? Samaria, ibukotana sorangan!
Saha nu ngalantarankeun nagri Yuda
nyembah ka brahala? Yerusalem sorangan!

⁶Eta sababna PANGERAN ngandika,
"Samaria ku Kami rek dijieun tumpukan
barangkal di tegal, rek dijadikeun kebon

anggur. Barangkalna rek diurug-urugkeun ka lebak, dasar-dasar pademenna sina nonggerak.

⁷ Brahala-brahala anu marahal rek diremuk-remukkeun, barang-barang pangabakti palacur-palacur kuil-kuilna kabeh rek diduruk, kitu deui arca-arca sesembahanana rek sina nalambru. Samaria pantes dihukum kitu, lantaran ibadahna ka dewa kasuburan. Ayeuna eta sesembahan-sesembahanana teh bakal diakut ku musuh-musuhna, pikeun kuil-kuil palacuranana."

⁸"Ku hal eta", saur Mika, "kaula rek midangdam, arek aluk-alukan. Rek leumpang ngider bari bulucun nandakeun sungkawa hate. Rek gagaukan cara ajag babaung, humarurung cara manuk onta.

⁹Samaria borokna moal aya nu bisa nambaan. Yuda oge bakal kitu. Balahi geus nepi ka lawang gapura Yerusalem, ka tempat bangsa kaula."

¹⁰Ieu kacilakaan urang poma ulah kabejakeun ka musuh urang di Gat. Maranehna ulah nyarahoeun urang ceurik. Eh urang Bet Le Apra, geura gugulingan dina kebul, nandakeun prihatin.

¹¹Eh urang Sapir, geura jugjug pangbuangan bari sataranjang nandang kaera. Urang Saanan teu waranieun kaluar ti kotana. Mun maraneh ngadenge urang Bet Esel

aluk-alukan, eta nandakeun yen di ditu geus euweuh enggon nyalindung.

¹²Urang Marot hariwang ngarep-ngarep pitulung, sabab PANGERAN geus nompokeun balahi ka Yerusalem.

¹³Eh urang Lakis, kareta-kareta perang maraneh geus pasangan kuda. Maraneh geus nurutan dosana urang Israil. Maneh nu jadi lantaran Yerusalem tigebrus kana dosa.

¹⁴Ari maraneh, urang Yuda, geura pamitan ti kota Moreset Gat. Raja-raja Israil moal meunang bantuan pitulung ti kota Aksib.

¹⁵Eh urang Maresa, maraneh bakal diselehkeun ka hiji musuh anu bakal ngarebut kota maraneh. Para pamingpin Israil bakal marubus ka guha Adulam.

¹⁶Eh urang Yuda, gundulan sirah maraneh, nandakeun kaleleban ku anak-anak kanyaah maraneh. Sing nepi ka barotak kawas manuk bangke, sabab anak-anak maraneh bakal digiring ka pangbuangan.

2 ¹Cilaka jalma anu ti peuting bari ngedeng ngararancang kajahatan! Rarancangna nu jahat ari bray isuk ari tuluy dijalankeun asal aya kasempetan.

²Hayang tanah kari ngarampas. Hayang imah, kari ngajabel. Taya kulawarga anu hirupna aman, harta bandana nya kitu keneh.

³Ku sabab kitu PANGERAN ngandika, "Kami keur ngararancang picilakaeun pikeun maraneh. Maraneh moal bisa luput. Maraneh

baris meunang kasusah nu pohara. Moal bisa deui maraneh leumpang bari dangah.

⁴ Lamun waktuna geus cunduk, nasib maraneh kitu teh ku batur dijieun conto kacilakaan. Kaayaan maraneh nu pegat harepan, ku batur dikawihkeun, ungelna: Urang geus lebur tumpur. Nagri urang ku PANGERAN geus dicandak, diselehkeun ka jalma-jalma anu ngaboyong urang."

⁵ Ku sabab kitu, lamun dina waktuna tanah dipasrahkeun deui ka umat PANGERAN, maraneh mah moal aya nu kabagian.

⁶ Jalma-jalma mere hutbah ka kaula, "Ulah hutbah ka urang. Ulah hutbah sual-sual eta! Piraku Allah niat ngawiwirang ka urang!

⁷ Ceuk panyangka anjeun Israil keuna ku panyapa PANGERAN? Na sok leungit kasabaran PANGERAN teh? Naha enya PANGERAN bakal tega? Lain sok genah timbalana-Na ari ka jelema anu bener mah?"

⁸ PANGERAN ngawaler, "Maraneh geus kawas musuh narajang ka umat Kami. Jalma-jalma baralik tas jurit, panyiptana geus di imah mah tangtu aman. Nyaho-nyaho maraneh geus ngajarogo di imahna, arek ngarangsadan jubahna nu keur dipake.

⁹ Awewe-awewe umat Kami ku maraneh diusir ti imah pangabetahna. Barudakna kurnia ti Kami salalawasna, ku maraneh direbut.

¹⁰Geura nyaringkah ti dieu! Di dieu geus henteu aman. Ieu tempat geus cilaka bakal tumpur ku karana dosa-dosa maraneh.

¹¹Nu dipikahayang ku ieu bangsa teh nabi purah ngabobodo, purah nипу, anu ngaramalna kieu, Nurutkeun ramalan kami, maraneh bakal subur anggur ceuyah arak.

¹²Tapi, eh urang Israil anu nyesa keneh, maraneh ku Kami bakal dikumpulkeun. Rek digiringkeun saperti domba digiring ka pakandangan. Tanah maraneh bakal gegek deui pangeusina, saperti sampalan pinuh ku domba."

¹³Allah baris muka jalan keur maranehna. Maranehna baris dituyun kaluar ti pangboyongan. Maranehna bakal ngadobrak lawang-lawang panto kota, tuluy kalaluar laluasa, dituyun ku rajana, nya eta PANGERAN ku manten.

3 ¹Darengekeun, eh kapala-kapala Israil!
Kuduna aranjeun teh mentingkeun kaadilan.

²Tapi aranjeun malah ijid ka nu hade, resep ka nu jahat. Bangsa kaula ku aranjeun disisit kulitna hirup-hirup, dagingna disempogan tina tulangna.

³Bangsa kaula ku aranjeun diharakan, kulitna dikelet, tulang-tulangna digeprekan, dagingna dipotongan kawas daging asupkeuneun kana pariuk.

⁴Bakal datang mangsana aranjeun tingjarerit sasambat ka PANGERAN, tapi hamo dipirosea. Sasambat ge hamo didangu, lantaran kalakuan aranjeun jahat.

⁵Bangsa kaula ditipu ku nabi-nabi, anu mangramalkeun nu hade ka nu bisa mere duit, ngancam ka nu teu bisaeun mere. Kieu pangandika PANGERAN pikeun eta nabi-nabi,

⁶"Eh nabi-nabi, maraneh geus tereh nepi kana poe panungtungan, panonpoe keur maraneh tereh surup. Ku lantaran maraneh geus nyasabkeun umat Kami, maraneh moal mareunang deui wahyu, moal barisa ngaramal deui."

⁷Eta nu sok ngaramal teh bakal wirang, lantaran ramalanana meleset. Maranehna bakal ragrag kana kanistaan, lantaran moal meunang waleran ti Allah.

⁸Kaula mah ku PANGERAN dieusian roh jeung kakawasaan Mantenna, dipaparin pikiran anu mulus perkara kaadilan, dipaparin kawani geusan nembrakkeun ka urang Israil naon nu jadi dosana.

⁹Eh para pangawasa Israil, anu ijid kana kaadilan, anu sok nyalahkeun nu bener, raregepkeun!

¹⁰Maraneh ngadegkeun Yerusalem, kota Allah, pademenna tina rajapati jeung kateuadilan.

¹¹Para pangawasa kota ngajalankeun pamarentahanana ngan malar pangruruba.

Imam-imam ngajarkeunana Hukum Allah ngan malar gajih. Nabi-nabi kakara daraek menta pituduh PANGERAN lamun diburuhan. Kituna teh bari teu asa-asa nyebutkeun yen disarengan ku PANGERAN. Ceuk maranehna, "Urang moal katarajang bahla naon-naon, lantaran PANGERAN nyarengan."

¹²Ku lantaran kitu, nya gara-gara aranjeun, Sion bakal diwuluku kawas tegalan; Yerusalem pijadieun tumpukan barangkal, gunung tempat Bait Allah pijadieun leuweung.

4¹ Mangsa ka hareup, gunung tempat ngadegna Bait Allah pijadieun pangluhurna, ngawang-ngawang ngaluhuran sakabeh pasir. Loba bangsa-bangsa ngabrus ngajugjug ka dinya.

²Rahayatna ngaromong, "Hayu urang naranjak ka pasir PANGERAN, ka Baitna Allah Israil, karana Mantenna seja nerangkeun pamundut-Na, urang teh kudu kumaha. Urang bakal nempuh jalan nu dipilih ku Mantenna. Piwulang Mantenna teh kaluarna ti Yerusalem, diandikakeunana ka umat-Na ti Sion."

³PANGERAN bakal mutus perkara di tengah bangsa-bangsa, di antara nagri-nagri gede jauh deukeut. Pedang-pedangna ku maranehna dijueunan wuluku, tumbak-tumbakna dijueunan peso pangkas. Bangsa-bangsa moal perang deui, moal sasadiaan perang deui.

⁴Tiap jalma hirupna ayem tengtrem, bisa jongjon ngurus kebon anggur jeung kondang, moal manggih deui pikasieuneun. Kitu jangji ti PANGERAN Nu Maha Kawasa.

⁵Tiap bangsa anut ngabakti ka dewana masing-masing. Tapi urang mah ngabakti jeung ngabdi teh ka PANGERAN Allah urang, salalanggengna.

⁶"Geus deukeut mangsana," timbalan PANGERAN, "umat anu bareto ku Kami dihukum sarta sangsara di pangbuangan, ku Kami rek dikumpulkeun.

⁷Maranehna geus lalumpuh, tur jauh ti lemah cai. Tapi nu araya keneh ku Kami rek mimiti dipulihkeun, supaya jadi bangsa gede. Ti semet ayeuna, Kami anu baris ngatur maranehna di Gunung Sion salalanggengna."

⁸Sarta maneh Yerusalem, tempat Allah ngaraksa umat-Na lir pangangon ngaraksa dombana, pijadieun deui ibukota karajaan maneh, sakumaha tadina.

⁹Ku naon maneh ceurik mani jejeritan? Ku naon nepi ka ngarasa nyeri kawas awewe keur ngajuru? Naha lantaran maneh teu boga raja, jeung juru-juru nasehat maraneh paraeh?

¹⁰Eh urang Yerusalem, pek geura pepelengkingan jeung udah-aduh cara awewe keur ngajuru, lantaran ayeuna maraneh kudu kaluar ti kota, kudu harirup di tegal. Maraneh

kudu arindit ka Babul. Sarta di ditu maraneh
baris dijait ti leungeun musuh.

¹¹ Loba bangsa anu geus karumpul arek
narajang ka maraneh. Ceuk maranehna,
"Yerusalem kudu digempur! Urang tenjo
runtagna!"

¹² Eta bangsa-bangsa teu nyarahoeun
kumaha pikersaeun PANGERAN.

Teu nyarahoeun, pangna maranehna
dikumpulkeun teh pikeun narima hukuman,
dijieun saperti gandum dibawa ka pangirikan
terus diirik.

¹³ PANGERAN ngandika, "Eh urang
Yerusalem, geura iang, hukum musuh-musuh
maraneh! Maraneh ku Kami rek dibere
kakuatan lir banteng anu boga tanduk beusi
jeung kuku tambaga, sanggup ngancurkeun
bangsa nu loba. Kakayaan maranehna,
beubeunangan katelengesanana, ku maraneh
baris dijarahe, tuluy disanggakeun ka Kami,
PANGERAN sakubeng jagat."

5¹ (4-14) Eh urang Yerusalem, kumpulkeun
kakuatan. Sabab urang teh dikepung.
Pamingpin Israil rek ditarajang!

² (5-1) PANGERAN ngandika, "Eh Betlehem
Eprata! Maneh kota pangleutikna di antara
kota-kota di Yuda. Tapi nya ti maneh Kami
baris medalkeun hiji pangereh pikeun Israil,
anu memang geus aya asal-usulna ti jaman
baheula."

³(5-2) Jadi, PANGERAN baris ngajeunkeun umat-Na dina kakawasaan musuh-musuhna, nepi ka mangsa eta pangereh dibabarkeun ku hiji istri. Geus kitu warga-warga anu sabangsa jeung Anjeunna baris marulang ti pangbuangan, ngahiji deui jeung bangsana sorangan.

⁴(5-3) Di mana Anjeunna geus medal, baris marentah umat-Na kalawan kakawasaan PANGERAN, sarta kalawan kaagungan PANGERAN Allah ku manten. Umat-Na bakal hirup kalawan aman santosa, sabab kaagungan Anjeunna diaku ku bangsa-bangsa sakuliah jagat,

⁵(5-4) sarta Anjeunna baris jadi puseur karapihan. Lamun urang Asur ngarurug nagri urang, sarta nobros pertahanan-pertahanan urang, urang pajukeun pamingpin-pamingpin urang nu pangkuatna, ngayonan maranehna.

⁶(5-5) Ku kakuatan pakarang perangna, para pamingpin urang bakal ngelehkeun Asur, nagri Nimrod, sarta bakal nyalametkeun urang ti urang Asur lamun maranehna nempuh wilayah urang.

⁷(5-6) Urang Israil anu masih keneh hirup, pikeun bangsa nu loba ibarat ciibun ti PANGERAN nu matak seger, ibarat hujan nyiram pepelakan. Maranehna bakal muntang ka Allah, lain ka manusa.

⁸(5-7) Anu araya keneh di antara bangsa-bangsa sejen pijadieun ibarat singa keur muru

mamangsan di leuweung atawa di sampalan. Eta singa asup ka tengah kumpulan domba, terus nubruk jeung nyasaak. Nu ditubruk pamohalan aya nu bisa ngaleupaskeun.

⁹(5-8) Israil bakal nalukkeun jeung ngabasmi musuh-musuhna.

¹⁰(5-9) PANGERAN ngandika, "Harita kabeh kuda maneh ku Kami baris dimusnakeun, kareta-kareta perang maneh baris diancurkeun.

¹¹(5-10) Kota-kota di nagri maneh baris ditumpurkeun, pertahanan-pertahanan maneh baris diburak-barik.

¹²(5-11) Jampe-jampe pamake maneh ku Kami baris dibasmi, sarta tukang-tukang ngaramal di maneh ku Kami baris disingkirkeun.

¹³(5-12) Arca-arca jeung pilar-pilar karamat maneh rek ditumpurkeun; maneh moal nyembah deui kana barang-barang buatan maneh sorangan.

¹⁴(5-13) Arca-arca Dewi Asera di nagri maneh ku Kami baris dirubuhkeun, kota-kota maneh rek ditumpurkeun.

¹⁵(5-14) Bari amarah teu kira-kira, Kami bakal ngabales kajahatan sakabeh bangsa anu teu nurut ka Kami."

6¹Darengekeun panuding PANGERAN ka Israil. Sumangga geura ngadeg, nun PANGERAN. Sumangga lahirkeun panuding

Gusti, malar karungku ku gunung-gunung,
kakuping ku pasir-pasir.

²Eh gunung-gunung, eh pademen-pademen
bumi nu langgeng, bandungan pangdakwa
PANGERAN! Mantenna kagungan perkara
ka Israil umat-Na, sarta bakal ngadakwa
maranehna.

³PANGERAN ngandika, "Eh umat Kami, geus
migawe naon Kami ka maraneh teh? Geus
nyusahkeun naon Kami ka maraneh? Coba
jawab!

⁴Kami geus ngaluuarkeun maraneh ti Mesir;
ngajait ti tempat maraneh dijadikeun jalma
beulian; Kami geus ngutus Musa, Harun jeung
Miryam sangkan nungtun ka maraneh.

⁵Eh umat Kami, sing aringet ka Raja Balak
ti Moab, kumaha karepna ka maraneh, jeung
kumaha dijawabna ku Balhum anak Beor. Sing
aringet kana kajadian di jalan ti pakemahan
di Sitim ka Gilgal! Lamun maraneh inget ka
dinya tangtu ngarasa, kumaha tarekah Kami
nyalametkeun maraneh."

⁶Naon sanggakeuneun kaula ka PANGERAN,
Allah nu linggih di sawarga, lamun datang
ngabakti ka Mantenna? Naha kudu mawa anak
sapi anu pangalusna, diduruk dikurbankeun
ka Mantenna?

⁷Na kersaeun PANGERAN lamun dihaturanan
domba mangrebu-rebu, atawa minyak
jetun anu ngocor teu eureun-eureun? Naha

kaula teh kudu ngurbankeun anak cikal ka Mantenna, geusan nebus dosa kaula?

⁸ Teu kudu, PANGERAN ka urang geus nerangkeun naon nu hade. Anu ku Mantenna dipundut ti urang nya eta: urang kudu migawe kaadilan, kudu nembongkeun kanyaah salilana, sarta hirup ngahiji jeung Allah urang kalawan handap asor.

⁹ Sieun ku PANGERAN teh sipat anu bijaksana. Mantenna ngagentaan pangeusi kota, kieu: "Darengekeun ku maraneh, eh nu keur karumpul di kota!

¹⁰ Di imah jalma-jalma anu jarahat loba harta banda meunang teu jujur. Maranehna make takeran palsu, kalakuan kajjid Kami.

¹¹ Pimanaeun Kami ngahampura ka nu sok marake ukuran jeung timbangan palsu!

¹² Maraneh anu baleunghar, ngagencet ka nu mariskin. Sarta maraneh kabeh oge tukang bohong.

¹³ Ku sabab kitu, ayeuna Kami rek mimiti ngawarah sarta numpes maraneh ku karana dosa-dosa maraneh.

¹⁴ Maraneh bakal dahar, tapi moal teu bisa seubeuh malah angger lapar. Maraneh bakal ngakut barang-barang, tapi moal bisa nyimpen; naon bae anu disimpen ku maraneh, ku Kami rek disina ancur ku perang.

¹⁵ Melak gandum hasilna moal kungsi kaala. Nyieun minyak jetun moal kungsi bisa

ngagunakeun. Nyieun anggur inuman, moal kungsi kainum.

¹⁶Pangna nepi ka jadi kitu teh lantaran maraneh geus nuturkeun kalakuan jahat Raja Omri jeung kalakuan anakna, Raja Ahab. Parentahna anu jahat ku maraneh dilakonan. Ku sabab kitu maraneh rek ditumpur, hinakeuneun saban jalma. Di mana-mana, jalma-jalma bakal mikajid ka maraneh."

7 ¹Geus euweuh harepan! Kaayaan kaula ibarat jelema lapar, neangan buah atawa anggur dina tangkalna teu manggih-manggih. Buah anggur jeung buah kondang anu ngareunah, kabeh geus diala.

²Di jero nagri geus taya jelema jujur, geus taya jelema anu satia ka Allah. Saban jalma ngarep-ngarep kasempetan pikeun maehan. Saban jalma silih arah jeung batur sabangsa.

³Geus arahli kana kajahatan. Para pajabat jeung hakim-hakim marenta pangruruba. Nu baroga pangaruh maksa supaya kahayangna diturut. Maranehna babarengan sapongkol.

⁴Malah anu kasebut panghadena jeung pangjujurna ge ti kalangan maranehna, sarua taya hargana jeung jukut hama. Geus cunduk waktuna Allah baris ngahukum ka umat-Na, sakumaha anu ku Mantenna geus diancamkeun ka maranehna ku perantaraan nabi-nabi. Ayeuna ge maranehna geus mimiti baringungeun.

⁵Tong percaya ka tatangga, tong ngandel ka sobat. Ngomong kudu ati-ati, sanajan ka pamajikan.

⁶Karana dina mangsa-mangsa ieu teh anak lalaki geus teu ngahargaan ka bapana, anak awewe ngalawan ka indungna, minantu awewe pasea jeung mitoha awewe; anggota kulawarga sorangan ge jadi musuh.

⁷Tapi kaula mah ngaharep ka PANGERAN, sarta kalawan yakin muntang ka Allah nu bakal nyalametkeun kaula. Allah kaula tangtu kersaeun ngadangu doa kaula.

⁸Taya alesan pikeun musuh-musuh urang ngarasa senang ku kaayaan urang. Urang geus tijuralit, tapi bakal hudang deui. Ayeuna urang nandangan poek, tapi bakal dipaparin caang deui ku PANGERAN.

⁹Urang teh geus dosa ka PANGERAN. Ku sabab eta wayahna nandangan bendu-Na heula; ahirna Mantenna bakal ngabelaan jeung nguruskeun urang kalawan adil. Tangtu urang ku Mantenna dicandak ka nu caang; urang bakal ngalaman disalametkeun ku Mantenna.

¹⁰Hal eta bakal katarenjo ku musuh-musuh urang. Maranehna bakal areraeun sorangan. Eta musuh-musuh teh anu bareto nanya ka urang, semu moyok, "Mana PANGERAN Allah maneh teh?" Engke ku urang kasaksian maranehna kasoran diidek-idek kawas leutak di jalan.

¹¹ Eh urang Yerusalem! Geus deukeut mangsana maraneh bakal ngadegkeun deui kuta kota maraneh. Tur engke wilayahna bakal tambah lega.

¹² Batur sabangsa maraneh ti mana-mana bakal marulang: Nu ti Asur ti beulah wetan, nu ti Mesir ti beulah kidul, nu ti wewengkon Walungan Eprat, anu ti peuntaseun laut, jeung ti gunung-gunung nu jarauh.

¹³ Tapi bumi bakal jadi gurun keusik, gara-gara dosa pangeusina.

¹⁴ Nun PANGERAN, mugi kersa ngangon ka ieu umat kenging Gusti milih. Sanaos ayeuna keur mencil aya di leuweung, nanging tanah-tanah sakurilingeunana mah subur. Mugi dicandak, diangon di sampalan anu ngemploh di Basan sareng Gilad, sapertos kapungkur.

¹⁵ Mugi Gusti kersa midamel kaajaiban ka abdi sadaya sapertos kapungkur nalika Gusti nyandak abdi-abdi kaluar ti Mesir.

¹⁶ Bangsa-bangsa bakal naringal hal eta sarta jadi areraeun, lantaran ngarasa yen kakuatan maranehna teu aya hartina. Maranehna bakal leungiteun akal, dugi ka teu tiasa ngomong, teu tiasa ngadenge.

¹⁷ Maranehna bakal ngalangsud dina taneuh cara oray, kalaluar ti benteng-bentengna bari ngadegdeg kasieunan, teras darongkap ka PANGERAN, Allah abdi sadaya.

¹⁸Teu aya allah sanes anu sapertos Gusti, nun PANGERAN, Gusti kersa maparin hampura kana dosa-dosa umat Gusti nu ayeuna harirup keneh. Moal salamina Gusti bendu, sawangsulna malah mikaasih ka abdi-abdi teu aya watesna.

¹⁹Tangtos Gusti kersa mikawelas deui ka abdi sadaya. Dosa-dosa abdi sadaya tangtos ku Gusti bakal diluluh lajeng dialungkeun ka dasar laut!

²⁰Gusti tangtos kersa mintonkeun kasatiaan sareng kaasih nu taya watesna ka ieu umat Gusti, turunan Ibrahim sareng Yakub, sakumaha anu ku Gusti parantos dijangjikeun ka karuhun abdi sadaya jaman kapungkur.

Nahum

1 ¹Ieu pesen ti Allah ngeunaan nagri Ninewe, anu ditembongkeun ka Nahum, urang Elkos, dina hiji tetenjoan.

²PANGERAN Allah, moal nyabaran ka nu osok mapadanan. Nu ngaralawan ka Anjeunna pasti narima hukuman, maranehna bakal meunang wawales.

³PANGERAN tara gampil-gampil wera. Tapi Anjeunna teh kawasa, anu jahat mo diantep luput tina hukuman. Ka mana bae PANGERAN angkat, ger aya topan, sampeana-Na naekkeun kekebul jadi mega!

⁴Mantenna nimbalan ka laut, laut jadi saat walungan-walungan ngolettrak. Tegalan-tegalan di Basan gararing, Gunung Karmel jadi perang, kekembangan Libanon aralum.

⁵Gunung-gunung aroyag di payuneun PANGERAN, pasir-pasir laleyur di payuneuna-Na. Ana PANGERAN nemongan, jagat inggeung, dunya gumeter reujeung sakumna pangeusina.

⁶Saha nu bisa tagen ana Mantenna geus wera? Saha anu kuat nyanghareupan bendu-Na? Bendu-Na tamplot ngagegedur, cadas-cadas ajur jadi lebu di payuneuna-Na.

⁷PANGERAN teh mulya manah, mun umat-Na meunang susah ku Mantenna

diraksa. Sakur anu nyalindung ka Mantenna dijaga.

⁸Lir banjir nu ngagulidag, Mantenna ngabasmi musuh-musuh-Na. Nu ngalawan, disina tinemu jeung ajalna.

⁹Keur sakongkol naon maraneh, eh, nu rek ngalawan ka PANGERAN? Pinasti ku Mantenna dibasmi! Moal aya nu bisa ngalawan ka Mantenna leuwih ti sakali.

¹⁰Maraneh tangtu diduruk, saperti rungkun cucuk nu pajeujeut, saperti jarami garing.

¹¹Ti Maneh, eh Ninewe, aya saurang, nu boga niat jahat rek ngalawan ka PANGERAN.

¹²Kieu sabda PANGERAN ka Israil, umat-Na, "Sakumaha rongkahna urang Asur, sakumaha lobana baladna, pinasti dibasmi nepi ka musna. Eh umat Kami, maraneh ku Kami geus disangsara, tapi moal deui-deui.

¹³Ayeuna Kami rek namatkeun kakawasaan Asur ka maraneh, rante-rantena anu dipake ngabarogod ka maraneh rek dipegat-pegatkeun."

¹⁴Kieu sabda PANGERAN ngeunaan urang Asur, "Maranehna moal baroga turunan anu bakal neruskeun ngaranna. Arca-arca di jero kuil-kuil para dewana, ku Kami arek dibasmi. Urang Asur ku Kami keur dipangnyieunkeun kuburan, sabab maranehna teu pantes hirup!"

¹⁵Tenjo, aya utusan datang ngaliwatan gunung-gunung, mawa beja hade, beja kaunggulan! Eh, urang Yuda, geura pestakeun

poe pesta maraneh! Sarta bayar nadar
maraneh anu geus diikrarkeun ka Allah. Nagri
maraneh moal ditempuh deui ku musuh.
Maranehna geus diancurkeun sama sakali.

2¹ Eh Ninewe, maneh bakal ditarajang!
2 Kakuatan nu bakal nyasaak maneh tereh
datang. Jaga benteng-benteng pertahanan!
Awaskeun jalan! Taki-taki pikeun perang!

2² (PANGERAN geus mimiti rek mulihkeun
deui Israil cara samemeh dijarah ku musuh.)

3 Balad musuh marawa tameng beureum,
dangdananana ge warna beureum. Keur
sasadiaan rek narajang! Kreta-karetana
semu hurung kawas seuneu, kudana
patinglalunjuk.

4 Kreta perang rarikat tinggurudug di
jalan-jalan, balawiri mundar-mandir di
alun-alun, tinggalebur jiga obor, terus
tingsalemprung sakilat-sakilat.

5 Para perwira dipanggil maju, tuluy maraju
bari titatarajong. Nyebut maruru kana kuta,
tuluy marasang panggedor.

6 Lawang-lawang kota sisi walungan, rarebah
bedah, eusi karaton guyur-tagiwur.

7 Ratu geus beunang ditangkep, para
emban ngagarukguk kawas sora japati, bari
ngaramesan harigu.

8 Lir cai bedah bendunganana, jalma-jalma
ngaburudul kalaluar ti Ninewe. "Areureun!
Areureun!" ceuk nu marentah. Tapi euweuh
nu balik deui.

⁹Jarah perakna! Jarah emasna! Ieu nagri loba pependemanana!

¹⁰Ninewe geus ancur, rehe, combrek! Hate lelenyapan ku kasieun. Tuur nyorodcod leuleus, tanaga musna. Beungeut-beungeut sarepa.

¹¹Ayeuna mana eta kota nu asalna lir guha singa, tempat anak-anak singa diparaban tempat indit singa jalu jeung singa bikang, sarta anak-anakna aman di dinya?

¹²Singa jaluna nekukan mangsa, geus katekuk disasaak, keur bikangna jeung anakna, guhana pinuh ku daging beunang nyasaak.

¹³"Ieu Kami, musuh maneh!" dawuhan PANGERAN Nu Maha Kawasa. "Kareta-kareta perang maneh ku Kami arek didurukan nepi ka beak. Serdadu-serdadu maneh bakal paraeh di medan perang. Harta banda maneh beunang rarampas ti nu sejen, ku Kami baris dijabel. Pepentaan-pepentaan para utusan maneh moal kadenge-denge deui."

3¹Cilaka eta kota nu pinuh ku bohong jeung rajapati, pinuh ku barang beunang ngarampas jeung beunang ngarampog.

²Dengekeun! Sora pecut tingjalebred sora roda tinggurudug, sora kuda lumpat tingberetek.

³Pasukan kuda narajang, pedangna tingbaranyay, tumbakna tinggurilap. Bangke

patumpang tindih, mayit geus teu kaitung lobana, katajongan ku jalma-jalma.

⁴Ninewe, ungkluk tea, keur nandangan hukuman. Jampe pameletna matak kagembang dipake mikat jeung ngabudakkeun bangsa-bangsa.

⁵Dawuhan PANGERAN Nu Maha Kawasa, "Eh Ninewe, maneh ku Kami rek dihukum! Ku Kami rek ditaranjangan, sina ditarongton ku bangsa-bangsa, sina narenjo sagala kaaeban maneh.

⁶Maneh ku Kami rek dihinakeun, rek dipopokan ku najis. Jalma-jalma nu narenjo sarieuneun.

⁷Nu narenjo ka maneh kabeh murungkut. Maranehna bakal ngaromong kieu, Ninewe geus burak-barik, saha nu rek karunya? Saha anu daek ngalilipur ka manehna?"

⁸Eh, Ninewe! Pangrasa teh maneh leuwih hade batan Tebe, ibukota Mesir? Mesir ge bogaeun walungan, nya eta Walungan Nil, nu jadi benteng pertahananana.

⁹Tebe ngageugeuh Sudan jeung Mesir, kakawasaanana taya watesna, sarta Libia jadi baturna.

¹⁰Tapi sanajan kitu, teu burung urang Tebe diakut ka pangbuangan. Barudakna ditareunggeulan di jalan-jalan nepi ka paraeh. Para gegedenna dibarogodan ku rante, sarta ku nu ngabaroyongna dibagi-bagikeun.

¹¹ Maneh oge, Ninewe, bakal ngudupung kelenger lantaran mabok! Maneh oge bakal salungkar-salingker hayang kabur ti musuh.

¹² Benteng-benteng maneh engke bakal saperti tangkal kondang anu buahna geus arasak. Tangkalna diendag-endag, buahna ngaburubut, tuluy dicaplukan.

¹³ Serdadu-serdadu maneh kawas awewe. Kota maneh jadi bolostrong di hareupeun musuh. Sarigsig panto-panto gapura maneh bakal beak diduruk.

¹⁴ Geura nimbaan cai, keur taki-taki nadah kepungan, benteng-benteng tohagaan. Geura ngaluluh taneuh lempung keur nyieun bata, nyitakan masing loba, keur sasadiaan.

¹⁵ Tapi kalah kumaha maneh tihothat, tetep maneh baris tiwas, kaduruk atawa kasambut di medan perang. Maneh baris musna saperti pepelakan beak dihakan ku simeut. Jumlah maneh geus mangtikel-tikel, lobana saperti simeut.

¹⁶ Sudagar-sudagar maneh geus jadi leuwih loba ti batan bentang-bentang di langit. Tapi ayeuna geus areuweuh, cara simeut meberkeun jangjang tuluy haliber.

¹⁷ Para gegeden maneh reuteum dina luhur kuta, cara simeut ngagoronyok dina tembok waktu keur tiis poe. Tapi barang panonpoe bijil, kabeh nyalingkir haliber, euweuh nu nyaho ka mana jigna!

¹⁸Eh raja Asur! Gupernur-gupernur maneh geus paraeh, menak-menak maneh geus hararees moal hararudang deui. Rahayat maneh tingalapruk ka gunung-gunung, euweuh anu ngajak balik.

¹⁹Raheut-raheut maneh moal aya nu bisa nambaan, bohak-bohak maneh moal aya nu bisa ngubaran. Anu mareunang beja yen maneh geus binasa mani kaleprok aratoh. Da saha anu teu kungsi ngarandapan kabengisan maneh nu taya hinggana?

Habakuk

1 ¹Ieu pesen ti PANGERAN anu diwahyukeun
ka Nabi Habakuk.

²Nun PANGERAN, kedah sabaraha lamina
abdi sasambat nyuhunkeun pitulung, dugi ka
Gusti kersa ngadangu sareng nyalametkeun
abdi sadaya tina katelengesan?

³Ku naon abdi dugi ka kedah ningal kaayaan
nu sakitu jahatna? Naha Gusti kiat ningali
kalakuan jalmi-jalmi sakitu arawonna? Di
sakurilingeun abdi mung aya kareksakan
sareng kakerasan, di mana-mana jalmi-jalmi
garelut, parasea.

⁴Hukum taya dayana, taya damelna,
kaadilan henteu jalan. Jalmi jahat disebat
bageur. Kaadilan parantos tibalik.

⁵Ti dinya PANGERAN ngandika ka umat-Na,
"Awaskeun ku maraneh bangsa-bangsa
sakurilingeun maraneh. Engke maraneh bakal
heran nenjona. Kami rek migawe hiji hal anu
hese dipercayana ku maraneh upama ngan
ngadenge caritana.

⁶Bangsa Babul anu galak jeung napsuna
marudah, ku Kami rek dijadikeun bangsa
anu rongkah. Eta bangsa ayeuna keur maju
ngambah jagat, ngarebut nagri-nagri batur.

⁷ Maranehna nyebarkeun pikasieuneun.
Kalawan angkuhna maranehna ngan tunduk
kana hukumna sorangan.

⁸ Lumpat kudana leuwih kesit ti batan maung
tutul, leuwih galak alah batan ajag lapar.
Pasukan kudana daratang ti nagri-nagri jauh,
kudana narejehan taneuh. Lajuna nyuruwuk
kawas heulang nyamber mangsa.

⁹ Pasukan tentarana gawena naluk-
nalukkeun, barengis. Lamun eta pasukan
geus deukeut, jalma-jalma kabeh gimir.
Tawanana lobaña tanpa wilangan.

¹⁰ Raja-raja ku maranehna dihina, gegeden-
gegeden diseungseurikeun. Taya benteng
anu tagen. Di hareupeun benteng-benteng
maranehna ngunggul-ngunggulkeun taneuh,
tuluy bentengna direbut.

¹¹ Geus kitu eta bangsa anu ngadewa-
dewakeun karongkahanaña teh nyemprung
maju, gancangna lir angin."

¹² Nun PANGERAN, Gusti teh jumeneng ti
awitna. Gusti teh Allah abdi, suci sareng
langgeng. Nun PANGERAN, Allah anu
ngaraksa ka jisim abdi, Gusti teh geuning
ngangkat bangsa Babul, dijadikeun sakitu
rongkahna, kangge ngahukum abdi sadaya.

¹³ Nanging bade tahan kumaha Gusti ningali
eta jalmi-jalmi jahat tur bengis? Soca Gusti
kalintang sucina, moal kiat ningali dosa, moal
tahan ningali nu arawon lampah. Ku margi
kitu, ku naon Gusti ngajeunkeun maranehna

ngabasmi jalmi-jalmi anu langkung balener ti
batan maranehna?

¹⁴Ku naon jalmi-jalmi teh ku Gusti dipidamel
sapertos lauk, atanapi sapertos insekta nu
teu gaduh purah ngatur?

¹⁵Jalmi-jalmi dikaitan ku urang Babul,
sapertos lauk dikait ku useup, dirungkup ku
heurap teras heurapna dipulut, digusur, nu
ngalana surak!

¹⁶Heurapna dugi ka dipuja-puja,
disasajenan, dumeh tiasa mere rupi-rupi
beubeunangan sakitu mucekilna.

¹⁷Naha maranehna teh bade teras
salamina ngagunakeun pedangna, ngabinasa
bangsa-bangsa tanpa ampun?

2¹Kaula rek naek kana munara jaga, rek
ngadago naon nu rek didawuhkeun ku
PANGERAN, sarta kumaha walerana-Na kana
gugatan kaula.

²Kieu waleran PANGERAN ka kaula, "Kami
rek mere wahyu ka maneh. Tuliskeun dina
lempengan taneuh liket sing tetela sangkan
babari dibacana.

³Kudu dicatetkeun, sabab pijadieunana moal
waka ayeuna, can waktuna. Tapi waktuna
geus tereh, sarta ieu anu ditembongkeun ka
maneh pasti kajadian. Bisa jadi rada leuir.
Tapi dago-dago bae, tangtu kajadian jeung
moal ditunda-tunda.

⁴Sarta ieu pesenna: Anu jarahat moal aya nu salamet. Tapi jalma nu balener tangtu bakal harirup, ku karana satiana ka Allah."

⁵Kabeungharan teh nипу jalma. Eta jalma-jalma sarakah teh arangkuh jeung napsuna marudah, lir maot anu taya seubeuhna, nu matak gawena ngan naluk-nalukkeun bangsa batur.

⁶Tapi anu geus taraluk teh maroyok jeung ngahina, pokna, Eh tukang nyokot banda batur, maneh sing cilaka! Iraha rek eureun ngabeungharkeun diri ku jalan maksa nu baroga hutang ka maneh malayar hutangna?

⁷Tapi, eh tukang naluk-nalukkeun batur, memeh eling maneh sorangan bakal boga hutang, sarta bakal dipaksa mayar rentenna. Maneh bakal ditempuh ku musuh, maneh ngan ukur bisa ngadegdeg. Babandaan maneh bakal dijabel.

⁸Loba kacida jelema-jelema sagala bangsa anu geus dirampog ku maneh. Kari babandaan maneh anu pasti bakal dijabel ku jelema-jelema anu luput ti maneh, lantaran maneh geus maehan jeung nganiaya jelema-jelema saalam dunya, nagri-nagrina diruksak.

⁹Cilaka maneh! Maneh geus ngabeungharkeun kulawarga sorangan meunang nyokotan ti batur ku kakerasan, sangkan imah maneh sorangan aman tina kasusah jeung bahla!

¹⁰Tapi eta rarancang maneh teh bakal matak era kulawarga maneh sorangan. Kalakuan maneh ngarampogan bangsa-bangsa sakitu lobana, mawa balahi nu bakal ngaruksak ka maneh sorangan,

¹¹nepikeun ka bata dina tembokan ka maneh ngagorowok nyumpahan, sarta sora gorowokna dihandaruankeun ku kaso-kaso.

¹²Cilaka maneh! Maneh nyieun kota make dasar kajahatan, ngadegkeunana ku jalan maehan.

¹³Bangsa-bangsa anu ditalukkeun ku maneh, susah payahna jadi tanpa guna, jeung sagala rupa beunang maranehna ngawangun beak ku seuneu. Eta memang ku pangersa PANGERAN Nu Maha Kawasa.

¹⁴Tapi sakuliah bumi bakal pinuh ku kanyaho kana kaagungan PANGERAN, saperti lautan pinuh ku cai.

¹⁵Cilaka maneh! Sajeroning amarah maneh ngahina jeung ngawiwigat tatangga, ku maneh dijieun sina jalangjang-jolongjong kawas nu mabok.

¹⁶Ayeuna giliran maneh nu bakal nandangan kaera, sabalikna tina meunang panghormat. Giliran maneh anu bakal mabok nepi ka jalangjang-jolongjong. Maneh bakal dipaksa ku PANGERAN nginum siksaan sorangan, sarta kahormatan maneh bakal jadi kahinaan.

¹⁷Maneh geus nuaran kai di leuweung Libanon, ayeuna giliran maneh anu bakal

dituar. Sasatoan di dinya ku maneh dipaahan, ayeuna maneh anu bakal kasieunan ku sasatoan. Pang jadi kitu teh lantaran maneh geus ngajalankeun rajapati jeung katelengesan ka jelema-jelema saalam dunya jeung ka kota-kotana.

¹⁸Naon gunana arca? Pilakadar beunang nyieun jelema, paragi nyebarkeun bohong. Bisa nyieun kahadean naon ka nu nyieunna pangna dipercaya dewa nu teu bisaeun ngomong-ngomong acan!

¹⁹Cilaka maneh! Ngomong ka kayu sapotong, "Geura gugah!" atawa ka batu saguluntung, "Geura tanghi!" Bisaeun arca mere pituduh ka maneh? Bisa jadi arcana dilapis ku perak jeung emas, tapi euweuh nyawana.

²⁰PANGERAN aya di Bait Allah, gedong-Na nu suci, jalma kabeh kudu repeh di payuneun Mantenna.

3 ¹Ieu paneda Nabi Habakuk:

²Nun PANGERAN, abdi parantos nguping sugri anu dipidamel ku Gusti. Hate abdi pinuh ku rasa hormat. Eta padamelan Gusti nu aragung, mugi pidamel deui jaman abdi-abdi ayeuna. Mugi Gusti mikawelas, sanaos upami keur bendu.

³Allah tereh sumping deui ti Edom. Allah nu suci, tereh sumping ti pagunungan Paran. Kamulyaana-Na minuhan langit, sarta bumi pinuh ku pujian ka Mantenna.

⁴Sumping-Na bareng jeung kilat ngagebray, panangana-Na ngaluarkeun cahaya, nya di dinya disumputkeun pangawasa-Na.

⁵Di hareup Mantenna ngagiring panyakit, di tukang diiring ku maot.

⁶Ana Mantenna ngarandeg, bumi ngariyeg. Bangsa-bangsa dipencrong, kabeh ngagebeg. Gunung-gunung nu aya ti jaman purba alambrug, pasir-pasir anu umurna mangabad-abad rarugrug, pasir-pasir anu baheula diambah ku Mantenna.

⁷Abdi ningal urang Kusyan kasieunan, urang Midian ngadegdeg.

⁸Nun PANGERAN, pangna bendu teh naha ku margi walungan-walungan? Pang Gusti wera teh naha ku margi lautan? Gusti nitihan mega sareng mega topan lir karetana, waktos sumping nyandak kaunggulan kangge umat Gusti.

⁹Gusti ngawengkang gondewa, bade ngalepas jamparing. Kilat Gusti meulah bumi.

¹⁰Barang gunung-gunung ningal ka Gusti, per ngadaregdeg, hujan bahe ti langit. Cai handapeun daratan ngaguruh, ombakna laluhur pagulung-gulung.

¹¹Waktos jamparing-jamparing Gusti tingbelesat sareng tumbak Gusti ngagurilap, panonpoe sareng bulan ngarandeg.

¹²Sajeroning wera Gusti lungsur ngambah lemah, bangsa-bangsa ku Gusti dileyek.

¹³Gusti majeng, bade nyalametkeun umat Gusti ngajait raja pilihan Gusti. Pamingpin para durjana ku Gusti dihajar ngajungkel, para panganutna seep ditumpes.

¹⁴Jamparing-jamparing Gusti narancleb ka kapala pasukan musuh, anu keur nyebut sapertos topan, niat ngubrak-ngabrik abdi-abdi, bangun atoh ku nu cilaka, sapertos kabiasaan jalmi-jalmi tukang ngagencet rerencepan.

¹⁵Bari tunggang kuda Gusti ngucek-ngucek laut, cai laut nu hebat dugi ka ngabudah.

¹⁶Ngareungeu eta kaula ngarasa ketir, biwir ngeleper lantaran sieun awak leuleus, di handap suku titatarajong. Bari ngahephep kaula ngadago waktuna PANGERAN bakal nerapkeun hukum ka nu narajang ka urang.

¹⁷Najan kondang teu baruahan, tangkal anggur taya anggurna, najan panen jetun gagal, jeung di huma taya pelak gandum najan domba kabeh paraeh, kandang sapi kararosong,

¹⁸kaula moal weleh suka jeung bungah, sabab aya PANGERAN Allah, jurusalamet kaula.

¹⁹Ku PANGERAN Nu Maha Agung dipaparin kakuatan, dipaparin suku anu tangginas kawas uncal, aman ngambah pagunungan.

Zefanya

1 ¹Ieu pesen Allah ka Nabi Sepanya, putra Raja Hiskia anak Amarya anak Gedalya anak Kusi. Dipaparinkeunana keur jaman Yosia anak Amon jadi raja Yuda.

²PANGERAN ngandika, "Sakeudeung deui Kami rek ngabasmi sagala rupa nu aya di bumi,

³jelema, sato, manuk, lauk. Kami rek numpes anu jarahat. Arek ngabasmi manusia, hamo nyesakeun nu hirup. Kitu pangandika Kami, PANGERAN.

⁴Kami rek ngahukum urang Yerusalem jeung urang Yuda. Rek ngabasmi sesa adat ibadah ka Baal anu aya keneh di dinya, sangkan ulah aya deui anu inget ka imam-imam brahala anu ngaladenan Baal.

⁵Kami rek ngabasmi sakur nu sok naraek ka loteng ngadon nyarembah ka panonpoe, ka bulan jeung ka bentang-bentang. Jeung rek ngabasmi jelema-jelema anu ngabakti ka Kami sarta geus ikrar arek satia, tapi osok sumpah nyebut ngaran Dewa Milkom.

⁶Kami rek ngabasmi jelema-jelema anu naringgalkeun sarta teu aranut deui ka Kami, jeung tara daratang menta tungtunan Kami."

⁷Poena PANGERAN muka pangadilan tereh datang. Ku sabab eta masing rarepeh di

payuneuna-Na. PANGERAN geus sadia meuncitan umat-Na saperti sato kurban, sarta geus ngondang musuh-musuh Yuda sina ngaranjah.

⁸Timbalan PANGERAN, "Dina poean meuncitan, Kami rek ngahukum para gegeden, anak-anak raja, jeung sakabeh anu make adat bangsa lian.

⁹Kami rek ngahukum ka nu ngabarakti make tata cara umat brahala, jeung ka nu sok maling jeung maehan, anu ngabeungharkeun dununganana ku barang-barang gedoran."

¹⁰"Dina poe eta," timbalan PANGERAN, "maneh bakal ngadenge nu tingjarerit di Gapura Lauk di Yerusalem. Ti pakampungan anyar bakal kadenge ku maneh sora anu sasambat, jeung ti pasir-pasir sora runtuh ngagulugur.

¹¹Maraneh, anu maratuh di kota handap, lamun geus ngadenge eta sora kudu careurik, midangdam, sabab padagang-padagang kabeh geus paraeh!

¹²Waktu eta Kami arek mawa obor, rek ngagaradah Yerusalem. Kami rek ngahukum jelema-jelema anu ngarasa sugema jeung megah ku dirina, jeung boga pamikir: PANGERAN moal midamel kitu, moal midamel kieu.

¹³Harta bandana bakal dirampas, imah-imahna bakal diburak-barik. Pamohalan maranehna bakal bisa nyaricingan imah

sorangan, atawa ngarinum anggur pelakna sorangan."

¹⁴Poe agung PANGERAN geus deukeut, deukeut naker, bakal gancang datang. Poe anu pohara pait getirna, nepikeun ka prajurit anu pangwanianana oge ngagerung pegat harepan.

¹⁵Eta poe pinuh ku hawa amarah, poe sangsara, poe tunggara, poe ngalebur, poe ngaruksak, poe poek, poe cilaka, poe mendung, poe kasaput ku mega,

¹⁶poe anu saheng ku sora tarompet perang, ku haok perang serdadu-serdadu anu ngagempur kota-kota benteng jeung munara-munara anu laluhur.

¹⁷PANGERAN ngadawuh, "Kami rek ngadatangkeun kacilakaan-kacilakaan gede ka umat manusa, nepi ka maranehna ting rarampa kawas nu lolong. Maranehanana geus dosa ka Kami. Ayeuna getihna rek dikocorkeun saperti cai, sarta bangke-bangkena sina baruruk dina taneuh."

¹⁸Sanajan barogaeun perak jeung emas ge, dina poean PANGERAN ngumbar bendu mah emas perakna moal bisa nyalametkeun maranehna. Sakuliah jagat baris kahuru ku seuneu wera-Na. Sagala anu kumelip di bumi, umurna ku Mantenna baris dicabut ngadadak.

2¹Eh, bangsa anu teu boga kaera! Geura areling,

²memeh layu kawas kembang, memeh katiban ku seuneu bendu PANGERAN, memeh Mantenna ngumbar wera-Na.

³Nu rarendah hate di ieu nagri sarta narurut kana timbalan PANGERAN, geura baralik ka Mantenna. Naon nu bener lampahkeun. Laipkeun diri di payuneun PANGERAN, malakmandar bisa luput tina hukuman dina poean PANGERAN nembongkeun wera-Na.

⁴Di Gasa saurang ge moal nyesa. Askelon bakal kosong taya jalmaan. Urang Asdod di jero satengah poe bakal causir. Urang Ekron diusir ti kotana.

⁵Cilaka maraneh, urang Pelisti, bangsa nu nyicingan sapanjang basisir. PANGERAN geus ngaragragkeun hukuman ka maraneh; maraneh bakal ditumpes moal aya nu disesakeun.

⁶Nagri maraneh di sisi laut bakal jadi tegal ngablak, jadi tempat saung-saung pangangon jeung kandang-kandang domba.

⁷Tanah maneh bakal diandih ku urang Yuda anu saralamet. Maranehna bakal ngarangon ingon-ingonna di dinya, ari hareesna di imah-imah urut urang Askelon. Hirupna disarengan ku PANGERAN Allahna.

⁸Timbalan PANGERAN Nu Maha Kawasa, "Kami ngadenge urang Moab jeung urang Amon moyok jeung ngahina ka umat Kami, bari nyombong magar sanggup ngarebut nagrina.

⁹Kami, Allahna urang Israil anu jumeneng, sumpah, Moab jeung Amon pasti dibasmi, saperti Sadumu jeung Gomora. Nagri-nagrina bakal jadi tempat sumur-sumur uyah, jadi ruruntuhan salalanggengna, pinuh ku jukut hama. Umat Kami anu saralamet bakal ngaranjah ka maranehna sarta ngarebut tanahna."

¹⁰Kitu petana hukuman pikeun Moab jeung Amon, lantaran angkuhna jeung adigungna, jeung ku sabab geus ngahina ka umat PANGERAN Nu Maha Kawasa.

¹¹Maranehna ku PANGERAN bakal disina kasieunan. PANGERAN bakal mupus harkat dewa-dewa di bumi sina taya hartina, nepi ka unggal bangsa di nagrina masing-masing ngabarakti ka Mantenna.

¹²Urang Sudan oge bakal ditibanan hukum pati ku Mantenna.

¹³PANGERAN bakal nganggo kawasa-Na ngabasmi Asur. Kota Ninewe bakal dijadikeun ruruntuk kosong, jadi tempat nu euweuh caina.

¹⁴Di dinya sato-sato lindeuk ngabubuhan darepa jeung rupa-rupa sato lianna. Bueuk-bueuk bakal nyarayang di dinya, disarada dina ruruntuk jandela-jandela, gagak-gagak bakal disarada dina urut bangbarung-bangbarung panto. Kayu kiputri wawangunanana bakal beak dicaroplokkan.

¹⁵ Kitu pijadieunana eta kota anu gumede ku kakuatanana jeung ngujubkeun dirina baris aman. Pangrasa jalma-jalmana mah kotana teh panggedena di sadunya. Pisakumahaeun sepi jemplingna engke eta tempat teh, jadi pangauban sato-sato leuweung. Sakur anu ngaliwat ka dinya bakal murungkut hatena pinuh kasieun.

3 ¹Cilaka Yerusalem, kota bejad kalakuan, tukang ngalawan, tukang ngagencet rahayatna sorangan.

² Embung tunduk ka PANGERAN, embung diatur. Ka PANGERAN teu percaya, teu ngarasa butuh ku pitulung-Na.

³ Para gegedenna kawas maung nu guar-gaur; hakim-hakimna kawas ajag lapar, tara nyesakeun tulang sapotong-potong acan keur isukan, awahing ku rakus.

⁴ Nabi-nabina teu baroga rasa tanggung jawab, turug-turug carurang. Imam-imamna malah nganajiskeun sagala nu disucikeun, jeung sok mutar-muter hukum Allah keur kauntunganana sorangan.

⁵ Sanajan kitu, PANGERAN mah linggih di dinya, midamel anu bener, tara midamel anu salah. Saban isuk tara towong nerapkeun kaadilan ka umat-Na. Tapi jalma-jalma anu teu balener di dinya tonggoy bae migawe kajahatan, jeung teu era-eraeun.

⁶ PANGERAN ngandika, "Kami geus nyapukeun sakabeh bangsa, kota-kotana

diburak-barik, kuta-kuta jeung munara-munarana geus diruntuh-runtuhkeun, kota-kotana geus karosong, lulurung-lulurungna geus saruwung, jelemana taya nu nyesa.”

⁷ Panyana Kami ari geus dikitukeun mah eta umat Kami rek daraek ngajenan jeung narima aturan-aturan ti Kami, sarta moal mopohokeun pangwarah-pangwarah Kami. Sihoreng can naon-naon geus baralik deui kana kabiasaanana, jarahat cara ka tukang-tukang.

⁸ “Tapi awas,” dawuhan PANGERAN. “Dagoan poena Kami ngadakwa bangsa-bangsa. Kami geus mutuskeun bakal ngumpulkeun bangsa-bangsa jeung karajaan-karajaan, sina ngarasa hebatna amarah Kami. Bumi sakuliahna pasti binasa ku seuneu amarah Kami.”

⁹ Saupama geus kitu, bangsa-bangsa ku Kami baris dirobah, nenedana moal deui ka allah-allah sejen, tapi ka Kami bae sorangan. Kabeh bakal aranut ka Kami.

¹⁰ Umat Kami anu pabalencar, dalah ti Sudan nu jauh, bakal daratang marawa pangbakti ka Kami.

¹¹ Dina waktu eta maraneh, umat Kami, geus teu perlu ngarasa era pedah maneh geus ngalawan ka Kami. Sabab jelema-jelema anu garumede jeung aradigung ku Kami rek

disingkirkeun, sarta maneh di gunung Kami nu suci moal deui-deui ngalawan ka Kami.

¹² Nu ku Kami rek disesakeun ngan jelema-jelema anu miskin tur laip, anu mikabutuh pitulung Kami.

¹³ Urang Israil anu nyesa keneh moal hasud ka batur, moal cidra ka nu lian, moal macikeuh ka saha-saha. Hirupna baris marukti tur aman, moal sieun ku saha-saha.

¹⁴ Eh Israil, geura nyanyi, geura surak! Eh Yerusalem, geura gumbira sapinuhna hate!

¹⁵ Hukuman maneh ku PANGERAN geus dieureunkeun, musuh-musuh maneh geus disingkahkeun. PANGERAN, Raja Israil, aya di maneh, maneh taya sabab pikeun ngarasa sieun.

¹⁶ Bakal datang mangsana maranehna ngaromong ka Yerusalem, "Maneh, kota Sion, teu kudu sieun, teu kudu ngeplek leungeun.

¹⁷ Maneh disareangan ku PANGERAN, Allah maneh, maneh tangtu unggul ku pangawasa Mantenna. PANGERAN bakal mikaresep ka maneh, mikaasih, jeung maparin hirup anu anyar. Ku hal maneh PANGERAN nepi ka ngahariring awahing ku suka galih,

¹⁸ sakumaha urang suka bungah dina pesta." PANGERAN ngandika, "Balahi ku Kami geus dieuweuhkeun ti maneh, kahinaan maneh geus disingkirkeun.

¹⁹ Mansana geus tereh! Kami rek ngahukum nu ngagencet ka maraneh, nyalametkeun

nu parincang, mulangkeun para boyongan.
Kahinaanana rek diganti ku kahormatan, sina
diparuji ku saalam dunya.

²⁰ Mansana geus tereh! Kami rek
mulangkeun rahayat maneh anu keur
pabalencar. Maneh ku Kami rek dijieu
kamashur ka saalam dunya, kamuktian
maneh rek dipulihkeun." Kitu timbalan
PANGERAN.

Hagai

1 ¹Dina taun kadua Darius jadi raja Persia, dina tanggal hiji bulan anu kagenep, PANGERAN ngembankeun timbalan ka Nabi Hagai, supaya ditepikeun ka Serubabel bin Sealtiel anu jadi gupernur di tanah Yuda, jeung ka Imam Agung Yosua bin Yosadak.

²Kieu timbalan PANGERAN Nu Maha Kawasa ka Hagai, "Jalma-jalma nyarebutkeun, magar ayeuna can meujeuhna ngadegkeun deui Bait Allah."

³Nabi Hagai ku PANGERAN dipiwarang nyaurkeun timbalan kieu ka umat-Na,

⁴"Eh umat Kami, ku naon maraneh geus caricing di imah nu wareweg, ari Bait Kami, burak-barik keneh?

⁵Teu karasa, naon anu keur karandapan ayeuna ku maraneh?

⁶Maraneh melak gandum lega, tapi nu kaala saeutik pisan. Dahareun baroga, tapi moal matak seubeuh. Anggur inumeun boga, tapi teu matak cukup! Papakean boga, tapi teu matak haneut kana awak. Nu karuli buruhna teu mahi keur pangabutuhna sapopoe.

⁷Teu karasa, naon sababna?

⁸Coba geura naranjak ka pasir nuaran kai, Bait Kami adegkeun deui, sangkan hate Kami

genah, sangkan Kami dibakti sakumaha mistina.

⁹ Maraneh ngarep-ngarep mucekil panen, tapi sanggeus panen hasilna teu pira. Ana diakut ka imah, di tengah jalan ku Kami ditiup manten. Ku naon sababna Kami kitu? Ku sabab Bait Kami, burak-barik keneh, da maraneh masing-masing jongjon nyieun imah sorangan.

¹⁰ Eta sababna pangna tara aya hujan, nepi ka euweuh naon-naon anu jadi.

¹¹ Ieu tanah ku Kami dihaja kahalodoan. Pasir-pasir, kebon-kebon anggur, kebon-kebon jetun, lahan-lahan gandum, jelema, sasatoan, sagala tutuwuhan, katut sagala rupa anu ku maraneh dipelak, kabeh ku Kami disina gararing."

¹² Geus kitu Serubabel jeung Yosua katut jelema-jelema anu marulang ti pangbuangan di Babul, narurut kana timbalan PANGERAN Allahna. Jelema-jelema teh sarieuneun, nu matak maranehna narurut ka Nabi Hagai, utusan Allah.

¹³ Hagai ku PANGERAN dipiwarang ngemban timbalan ka maranehna. Timbalana-Na, "Kami jangji rek nyarengan ka maraneh."

¹⁴ Seug Serubabel, gupernur tanah Yuda, Imam Agung Yosua, sarta jalma rea anu marulang ti pangbuangan dihudangkeun sumangetna ku PANGERAN, sangkan digarawe nyieun Bait Allah. Prak maranehna

ngamimitian nyieun Bait PANGERAN Nu Maha Kawasa, Allah maranehna.

¹⁵ Dimimitianana dina tanggal dua puluh opat bulan anu kagenep, taun kadua pamarentahan Raja Darius.

2 ¹Dina tanggal dua puluh hiji bulan katujuh, taun kadua pamarentahan Raja Darius, PANGERAN ngembankeun deui timbalan ka Nabi Hagai.

²Hagai dipiwarang nyaurkeun eta timbalan ka Serubabel gupernur tanah Yuda, ka Imam Agung Yosua bin Yosadak, jeung ka jalma rea. Kieu timbalana-Na,

³"Maraneh aya nu inget keneh kumaha agrengna Bait Allah nu ti heula? Kumaha katenjona anu ayeuna ceuk maraneh? Sama sakali teu nyugemakeun.

⁴Tapi maraneh teu kudu leutik hate. Teruskeun pigawe, sabab Kami tangtu ngabantu.

⁵Basa maraneh kaluar ti Mesir, Kami geus jangji seja babarengan salilana. Nepi ka ayeuna Kami terus bae babarengan jeung maraneh. Nu matak maraneh ulah salempang.

⁶Moal lila deui Kami rek ngoyagkeun langit jeung bumi, daratan jeung laut.

⁷Sakabeh bangsa ku Kami bakal diguling-gulingkeun, sarta kakayaanana bakal dibawaan ka dieu, nepikeun ka ieu Bait Kami bakal pinuh ku barang-barang anu marulya.

⁸Emas jeung perak di saalam dunya Kami nu kagunganana.

⁹Bait Kami anu anyar bakal leuwih agreng ti anu heubeul, sarta di dieu Kami rek ngamakmurkeun jeung ngertakeun umat Kami." Kitu timbalan PANGERAN Nu Maha Kawasa.

¹⁰Dina tanggal dua puluh opat bulan kasalapan taun kadua pamarentahan Raja Darius, PANGERAN Nu Maha Kawasa ngandika deui ka Hagai.

¹¹Pangandika-Na, "Tanyakeun ka imam-imam aturan pikeun sual ieu.

¹²Upama aya jelema nyokot daging tina kurban anu geus disucikeun, diasupkeun kana lipetan jubahna sarta jubahna terus antel kana roti, kana kaolahan, kana anggur, kana minyak jetun, atawa kadaharan naon bae, naha kadaharan anu kaantelanana milu kasucikeun?" Sangeus sual eta dipariksakeun, jawab para imam, "Henteu."

¹³Hagai mariksa deui, "Ayeuna, upama aya jelema keur najis lantaran tas nyabak mayit, tuluy nyabak salah sarupa kadaharan tea. Kumaha eta kadaharan anu dicabakna jadi najis?" Jawab para imam, "Najis."

¹⁴Saur Hagai, "Dawuhan PANGERAN eta aturan keuna ka jalma-jalma ieu bangsa jeung kana sagala rupa anu dihasilkeunana. Jadi sagala rupa anu ku maranehna dibaktikeun dina altar teh najis."

¹⁵Timbalan PANGERAN, "Teu karasa ku maraneh, naon anu geus karandapan? Memeh maraneh ngadegkeun deui ieu Bait Kami,

¹⁶pelak gandum maraneh anu diharepkeun bisa meunang dua ratus kilo ngan meunang saratus kilo. Meres anggur, hayang bisa nyiuk saratus liter tina tahangna, ngan meunang opat puluh liter.

¹⁷Naon bae anu ku maraneh dicoba dipelak, ku Kami disina ditarajang ku angin panas jeung hujan es. Tapi maraneh teu tobat-tobat.

¹⁸Poe ieu, tanggal dua puluh opat bulan kasalapan, pademen ieu Bait Kami geus anggeus dipigawe. Cirikeun ti poe ieu baris kumaha.

¹⁹Sanajan maraneh geus teu baroga gandum, anggur, kondang, dalima, jeung pelak jetun can baruahan, tapi ti semet poe ieu tangtu baris aya berkah ti Kami."

²⁰Poe eta keneh, tanggal dua puluh opat bulan eta, PANGERAN ngembankeun deui timbalan ka Hagai,

²¹pikeun Serubabel gupernur tanah Yuda. Timbalana-Na, "Moal lila deui Kami rek ngoyagkeun langit jeung bumi,

²²sarta ngarubuhkeun karajaan-karajaan jeung namatkeun sagala kakawasaanana. Kreta-kreta perang katut nu tarumpakna rek dijungkir-jungkirkeun, kudana sina paraeh, nu tarumpakna sina silih paehan.

²³Ari maneh, Serubabel abdi Kami, poe eta maneh baris diangkat pikeun marentah demi jenengan Kami, sabab maneh anu kapilih ku Kami." Kitu timbalan PANGERAN Nu Maha Kawasa.

Zakaria

- 1** ¹Dina bulan kadalapan taun kadua pamarentahan Darius raja Persia, PANGERAN maparin ieu amanat ka Nabi Jakaria bin Berekya putu Ido.
- 2** PANGERAN Nu Maha Kawasa ngembankeun timbalan ka Jakaria keur ka umat-Na. Kieu timbalana-Na, "Baheula Kami teh geus kacida jengkelna ka karuhun-karuhun maraneh.
- 3** Ayeuna ka maraneh Kami menta, hiap baralik deui ka Kami, tangtu Kami oge balik deui ka maraneh.
- 4** Ulah cara karuhun maraneh. Maranehna geus dibere amanat Kami ku nabi-nabi, dielingan ulah nyieun dosa, ulah daroraka bae sapapanjangna. Tapi teu narurut, Kami henteu dipalire.
- 5** Karuhun-karuhun maraneh, kitu deui nabi-nabi, geus teu araya.
- 6** Geus cukup Kami mere papakon-papakon jeung pepeling ka karuhun-karuhun maraneh ku jalan abdi-abdi Kami, nabi-nabi tea, tapi parura-pura bae, heug bae nandangan balukarna. Geus kitu kakara tarobat jeung rarumasa yen Kami, PANGERAN Nu Maha Kawasa, geus sapantesna ngahukum ka maranehna, satimpal jeung kalakuanana, sarta luyu jeung putusan Kami."

⁷ Dina taun kadua pamarentahan Raja Darius, dina tanggal dua puluh opat bulan kasabelas (Bulan Sebat), PANGERAN maparin ieu amanat suci ka sim kuring dina hiji titingalian ti peuting.

⁸ Sim kuring ningal aya hiji malaikat PANGERAN, tunggang kuda beureum. Reg liren antara tangkal-tangkal kupa di hiji lengkob. Di pungkureunana aya deui kuda sababaraha hiji, buluna aya nu beureum, nu belang, nu bodas.

⁹ Pok sim kuring naros, "Eta kuda teh naon pihartoseunana, Juragan?" Anjeunna ngawaler, "Engke ku Kami ditembongkeun.

¹⁰ Eta kuda teh ku PANGERAN dipiwarang nalengteng jagat."

¹¹ Seug kuda teh ngaromong ka malaikat, "Sakuliah dunya parantos dilanglang. Kapendak parantos teu garaduh harepan, ngararuyung."

¹² Eta malaikat misaur, "Nun PANGERAN Nu Maha Kawasa, parantos tujuh puluh taun Gusti bendu ka Yerusalem sareng ka kota-kota di nagri Yuda. Bade dugi ka iraha Gusti tetep bendu teu kersa ngahapunten ka maranehna?"

¹³ PANGERAN ngawaler ka eta malaikat ku pilahir anu matak lejar.

¹⁴ Eta malaikat ka kaula miwarang, yen eta sabda PANGERAN kudu diembarkeun. Kieu eta sabda teh, "Kami liwat saking nya nyaah

ka Yerusalem teh, kota Kami anu suci. Kami prihatin.

¹⁵Tapi Kami pohara jengkelna ka bangsa-bangsa anu keur garenah-genah ngararasakeun aman. Umat Kami, anu ku Kami mah geus henteu dibenduan deui, ku maranehanana anggur beuki diteungteuinganan.

¹⁶Ku sabab eta Kami perlu ka Yerusalem deui, arek nembongkeun kanyaah ka eta kota. Bait Kami rek diadegkeun deui, sarta kota Yerusalem rek dipulihkeun."

¹⁷Eta malaikat miwarang deui supaya kaula ngembarkeun kieu, "Dawuhan PANGERAN Nu Maha Kawasa, kota-kota Mantenna baris makmur deui, sarta Yerusalem bakal ditulungan sakali deui jeung bakal diangken yen jadi kota kagungana-Na."

¹⁸Aya deui titingalan kaula, nya eta opat tanduk sapi.

¹⁹Sim kuring nanyakeun ka malaikat anu geus sasauran ka kaula tea, "Naon hartosna eta tanduk?" Waleranana, "Eta teh kakawasaan di dunya, anu ngawurkeun urang Yuda, urang Israil, jeung urang Yerusalem nepi ka pabalencar."

²⁰Geus kitu sim kuring ku PANGERAN dipaparin ningal opat tukang beusi nyarekel palu.

²¹Kaula nanyakeun, "Eta bade naon?" Mantenna ngawaler, "Arek ngoyagkeun jeung

ngagulingkeun bangsa-bangsa, anu geus ngaburak-barik Yuda jeung ngaburencaykeun jalma-jalmana."

2¹ Aya deui titingalan kaula, nya eta hiji lalaki nu mawa tali ukuran.

²Ku kaula ditanya, "Rek ka mana?" Jawabna, "Arek ngukur Yerusalem, hayang nyaho panjangna jeung rubakna."

³Malaikat anu tadi cacarios ka sim kuring tea nyampeurkeun, tuluy aya nu mapag, malaikat hiji deui.

⁴Anjeunna sasauran ka dinya, saurna, "Geuwat udag itu budak ngora nu mawa tali ukuran. Bejakeun yen pangeusi Yerusalem, jelema jeung ingon-ingonna bakal kacida lobana, nepi ka moal bisa lamun dikutaan sakurilingna, lantaran gede teuing.

⁵PANGERAN ku manten anu bakal jadi kutana teh, Mantenna geus jangji baris jadi kuta seuneu anu ngaraksa ka dinya, sarta Mantenna baris nanjurkeun kamulyaana-Na di dinya."

⁶(2: 6-7) PANGERAN ngandika ka umat-Na, "Maraneh ku Kami geus dipabalencarkeun ka saban madhab. Ayeuna, maraneh para buangan kudu kalabur ti Babul, marulang ka Yerusalem.

⁷(2: 6)

⁸Sing saha anu narajang ka maraneh, narajang buah hate Kami." Ku hal eta, PANGERAN Nu Maha Kawasa miwarang kaula

ngemban ieu sabda pikeun bangsa-bangsa
anu geus ngarampogan umat-Na:

⁹"PANGERAN ku manten nu bakal ngalawan maraneh, sarta maraneh bakal dirampog ku jalma-jalma urut badega-badega maraneh. Lamun hal eta geus kajadian, maraneh kakara bakal nyaraho yen PANGERAN Nu Maha Kawasa geus ngutus kami."

¹⁰PANGERAN ngandika, "Urang Yerusalem geura ngarawih, sing gumbira, Kami tereh datang, rek reureujeungan jeung maraneh!"

¹¹Dina mangsa eta, loba bangsa-bangsa nu daratang ka PANGERAN jaradi umat-Na. Mantenna bakal sasarengan jeung aranjeun, sarta aranjeun bakal nyaraho yen anu ngutus kaula ka aranjeun teh PANGERAN.

¹²Sakali deui Yuda baris jadi milik utama kagungan PANGERAN di tanah-Na nu suci, sarta Yerusalem bakal jadi kota anu pang dipikanyaahna ku Mantenna.

¹³Sing repeh kabeh di payuneun PANGERAN, karana Mantenna tereh sumping ti panglinggihana-Na anu suci.

3¹PANGERAN maparin deui titingalan ka sim kuring. Mantenna nembungkeun Imam Agung Yosua keur ngadeg di payuneun malaikat PANGERAN. Di gedengeunana aya Setan, anu maksudna rek ngadakwakeun anjeunna.

²Malaikat PANGERAN ngalahir ka eta Setan, lahiranana, "Sing disapa maneh, Setan, ku

PANGERAN! PANGERAN, anu mikaasih ka Yerusalem mangka nyapa ka maneh. Ieu jalma lir upama kayu sapotong beunang ngadudut tina durukan."

³Yosua aya ngadeg di dinya, anggoanana dekil.

⁴Malaikat tea nimbalan ka para pangbantuna di sawarga, "Cuculan pakean kotorna ieu jelema." Geus kitu anjeunna ngalahir ka Yosua, "Dosa maneh ku Kami geus dipiceun. Maneh baris disalinan ku pakean anu anyar."

⁵Seug malaikat teh miwarang para pangbantuna nerapkeun sorban anu beresih kana mastaka Yosua. Ku maranehna dilampahkeun, sarta sanggeus kitu maranehna nganggokeun pakean anyar ka Yosua, diawaskeun ku malaikat PANGERAN.

⁶Geus kitu anjeunna ngalahir ka Yosua, lahiranana,

⁷"Dawuhan PANGERAN Nu Maha Kawasa, upama maneh nurut kana hukum-hukum Kami, sarta ngalakonan kawajiban anu diembankeun, maneh bisa terus ngurus Bait Allah katut pakaranganana; paneda-paneda maneh tangtu ku Kami didenge, cara kana paneda malaikat-malaikat anu araya di payuneun Kami.

⁸Ku sabab kitu dengekeun Yosua, maneh teh Imam Agung; sarta maraneh, imam-imam bawahana, darengekeun, maraneh teh lambang jaman senang nu bakal datang.

Kami baris ngutus abdi Kami anu disebut
Sirung!

⁹Ayeuna Kami rek nempatkeun ieu batu anu
ngan hiji-hijina di hareupeun Yosua, batu juru
tujuh. Eta ku Kami rek diukir, ditulisan hiji
prasasti. Geus kitu Kami baris mupus dosa
ieu nagri di jero sapoe.

¹⁰Upama mangsa eta geus cunduk, saban
jalma ti kalangan maneh bakal ngondang
tatangga-tatangga, diajak milu ngarasakeun
kaayaan anu runtut rukun tur aman,
dikurilingan ku kebon-kebon anggur jeung
tangkal-tangkal kondang."

4 ¹Malaikat anu tadi cacarios ka sim kuring
tea sumping deui, ngaguyah-guyah kawas
ka anu sare, pok ngalahir,

²"Aya naon nu katenjo?" Walon sim kuring,
"Aya ajug emas. Di luhurna aya wadah
minyak. Eta ajug aya lampuna tujuh. Unggal
lampu aya tempat sumbuna tujuh-tujuh.

³Kenca katuhueun eta ajug aya dua tangkal
jetun."

⁴Seug ku sim kuring ditaroskeun ka eta
malaikat, "Kangge naon eta ajug teh,
Juragan?"

⁵Anjeunna malik mariksa, "Na teu nyaho?"
"Henteu, Juragan," walon sim kuring.

⁶Eta malaikat nimbalan, miwarang kaula
nepikeun ieu sabda PANGERAN ka Serubabel.
Sabda-Na, "Paneja maneh bakal laksana;
lain ku karana kakuatan balad lain ku karana

tanaga maneh sorangan, tapi ku karana Roh Kami.

⁷ Kajeun halangan sagede gunung,
disanghareupan ku maneh tinangtu musna.
Bait Allah bisa diadegkeun deui ku maneh,
sarta ana batu panungtung ku maneh
geus merenah dipasang dina tempatna,
jalma-jalma bakal tinggarero, Aduh, ku
alus-alus teuing!"

⁸ Aya deui sabda PANGERAN ka kaula.

⁹ Sabda-Na, "Serubabel geus masangkeun
pademen Bait Kami. Eta kabeh bisa anggeus
ku manehna. Upama geus anggeus, umat
Kami tangtu yakin yen nya Kami anu ngutus
maneh ka maranehna teh.

¹⁰ Maranehna tadina ngara kuciwa lantaran
eta pagawean mimitina pohara kendorna.
Tapi maranehna bakal narenjo Serubabel
neruskeun ngadegkeun eta Bait Kami,
hatena bakal sarenageun." (4-10b)
Anjeunna ngalahir, "Lampu anu tujuh,
eta ngagambarkeun soca PANGERAN anu
paningalina parat ka sakuliah jagat."

¹¹ Sim kuring naroskeun deui, "Dipi dua
tangkal jetun kanca katuhueun ajug, naon
hartosna?

¹² Sareng naon hartosna dua dahan jetun
anu di gigireun dua corong minyak jetun anu
tina emas?"

¹³ Anjeunna mariksa, "Na teu nyaho?"
"Henteu, Juragan," walon sim kuring.

¹⁴ Anjeunna ngalahir, "Eta ngagambarkeun dua jalma anu ku Allah dipilih jeung diistrenan jadi purah laladen ka PANGERAN, Gustina saalam dunya."

5 ¹Aya deui anu katingal ku kaula, nya eta kitab gulung keur ngalayang di awang-awang.

²Malaikat tea mariksakeun, saurna nenjo naon. Walon kaula, "Ningal kitab gulung ngalayang di awang-awang, panjangna salapan meter, rubakna opat meter satengah."

³Lahiranana ka sim kuring, "Eta eusina panyapa, anu bakal sumebar ka sakuliah nagri. Nu sabeulah, unina nyebutkeun, unggal bangsat bakal disingkirkeun ti jero nagri; nu sabeulah deui nyebutkeun, sakur anu ngucapkeun sumpah palsu bakal digusur.

⁴PANGERAN Nu Maha Kawasa bakal nyebarkeun eta panyapa ka unggal imah bangsat jeung ka unggal imah jelema anu sok sumpah palsu, sarta eta panyapa teh baris terus aya di imah eta jelema-jelema, nepi ka imah-imahna rarubuh."

⁵Malaikat tea tembong deui sarta ngalahir, "Tenjo, aya deui anu datang!"

⁶"Naon eta?" kaula nanya. Walerna, "Karanjang. Eta teh ngalambangkeun dosa di eta nagri sakuliahna."

⁷Eta karanjang make tutup tina timah. Sabot ku sim kuring ditelek-telek, tutupna

cengkat, bray muka. Breh di jerona aya awewe keur diuk!

⁸Pilahir malaikat, "Eta awewe teh ngalambangkeun kajahatan." Seug eta awewe teh ku anjeunna didedetkeun deui ka jero karanjang tea, karanjangna ditutupkeun deui.

⁹Barang sim kuring tanggah, breh ningal aya dua awewe keur hiber muru ka lebah sim kuring, jangjangna siga jangjang bango, kacida kekerna. Gapruk nyamber karanjang tea, terus dibawa ngapung.

¹⁰Sim kuring naroskeun ka malaikat, "Bade dibantun ka mana eta teh?"

¹¹Waleranana, "Ka nagri Babul. Ku urang ditu ayeuna keur dipangnyieunkeun candi. Upama candina geus anggeus, eta karanjang baris ditempatkeun di dinya, diparuja."

6¹Aya deui titingalan sejen. Ayeuna anu katingal teh opat kareta perang, datang ti sela-sela dua gunung tambaga.

²Anu kahiji ditarik ku kuda beureum, anu kadua ku kuda hideung,

³anu katilu ku kuda bodas, anu kaopat ku kuda belang.

⁴"Naon hartosna eta kareta-kareta perang teh, Juragan?" kaula nanyakeun ka eta malaikat.

⁵Anjeunna ngawaler, "Eta nuduhkeun opat rupa angin, anu asalna ti payuneun PANGERAN, Gustina sakubeng alam."

⁶Kareta perang anu ditarik ku kuda hideung, majuna ka kaler, ka nagri Babul; anu ditarik ku kuda bodas majuna ka kulon; anu ditarik ku kuda belang majuna ka nagri-nagri di pakidulan.

⁷Ari kuda nu belang, barang bijil bangun geus teu sabar hayang buru-buru nyemprung ngaronda jagat! Timbalan malaikat teh, "Jig, geura mariksa jagat!" Brul bae nyemprung.

⁸Geus kitu malaikat teh ngagero ka kaula, lahiranana, "Kuda anu ka kaler, ka nagri Babul, geus ngalelerkeun bebendu PANGERAN."

⁹PANGERAN ngembankeun ieu sabda ka kaula.

¹⁰Dawuhana-Na, "Cokot pangbakti anu disumbangkeun ku Heldai, Tobia, jeung Yedaya, nya eta jelema-jelema anu kakara daratang ti pangbuangan di Babul. Buru-buru bawa ka imah Yosia bin Sepanya.

¹¹Perak jeung emas tea jieun makuta, tuluy terapkeun kana sirah Imam Agung Yosua bin Yosadak.

¹²Bejakeun ka manehna, kieu kituh timbalan PANGERAN Nu Maha Kawasa: Jelema anu disebut Sirung tea bakal ngarandakah di tempatna, sarta bakal ngadegkeun deui Bait PANGERAN.

¹³Eta pisan jelemana anu bakal ngadegkeun deui Bait Kami teh, sarta bakal meunang kahormatan saperti raja, sarta bakal

nyangking rahayatna. Di gigireun korsi karajaanana aya hiji imam, anu bakal digawe babarengan jeung manehna kalawan mulus rahayu.

¹⁴ Ari makuta tea bakal jadi tanda pangeling-eling di Bait Kami, geusan tanda ngahormat ka Heldai, Tobia, Yedaya jeung Yosia."

¹⁵ Jalma-jalma ti nu jarauh bakal daratang, ngabantuan ngadegkeun deui Bait PANGERAN. Di mana eta geus bukti, bakal kanyahoan yen PANGERAN Nu Maha Kawasa anu ngutus kaula ka aranjeun teh. Eta kabeh pinasti bukti, saupama aranjeun enya-enya narurut kana parentah-parentah PANGERAN, Allah aranjeun.

7 ¹Dina taun kaopat pamarentahan Raja Darius, dina tanggal opat belas bulan kasalapan, bulan Kislew, PANGERAN ngembankeun sabda-Na ka sim kuring.

²Aya utusan urang Betel, nya eta Sareser jeung Regem Melek jeung batur-baturna, diutus ka Bait PANGERAN Nu Maha Kawasa, dititah menta berkah PANGERAN,

³jeung dititah nanyakeun ka para imam jeung nabi-nabi, kieu, "Kumaha dina sasih lima, naha kedah puasa deui tawis mikasedih ancura Bait Allah, sapertos anu parantos dilakonan pirang-pirang taun?"

⁴Sabda PANGERAN anu diembankeun ka kaula teh kieu,

⁵"Bejakeun ka jelema-jelema pangeusi ieu nagri jeung ka para imam yen puasa jeung tanda sedihna anu dilalampahkeun saban bulan kalima jeung katujuh salila tujuh puluh taun ieu, lain dumeh hormat ka Kami.

⁶Jeung ari dalahar jeung ngarinum ngan pikeun kasugemaanana sorangan."

⁷Pangandika PANGERAN liwat nabi-nabi anu ti hareula oge kitu, nya eta jaman Yerusalem masih keneh makmur jeung aya keneh pangeusina. Jaman harita jalma-jalma caricingna lain ngan di desa-desa sabudeureun kota bae, tapi malah aya nu caricing di bagian kidul jeung di suku-suku pagunungan beulah kulon.

⁸PANGERAN ngembankeun ieu sabda ka Jakaria.

⁹Timbalana-Na, "Baheula Kami geus ngaluarkeun parentah-parentah ka umat Kami, ungelna: Maraneh kudu adil, kudu karunyaan, kudu hade hate ka pada batur.

¹⁰Ulah nindes ka randa-randa, ka yatim pahatu, ka urang asing nu ngaradon hirup di maraneh, jeung ka nu keur nandangan kasusah. Jeung ulah boga niat jahat ka nu sejen.

¹¹Tapi umat Kami baredegong arembungeun ngadenge. Maranehna nyarocokan ceuli,

¹²sarta ngahaja nareuaskeun hate, tareuas kawas cadas. Ku lantaran henteu narurut kana piwuruk-piwuruk Kami anu diamanatkeun ka

nabi-nabi jaman harita, Kami jadi pohara keuheulna.

¹³ Ari Kami ngomong teh tara didarengengeun. Anu matak ana maranehna neneda, panedana ku Kami tara didengekeun.

¹⁴ Lir ditebak ku angin topan, maranehna ku Kami dikebutkeun ka nagri-nagri batur. Ari nagri anu ieu jadi kosong, euweuh jelemaan saurang-urang acan."

8 ¹PANGERAN Nu Maha Kawasa ngembankeun ieu sabda ka Jakaria.

² Timbalana-Na, "Kacida hayangna Kami teh nulungan Yerusalem. Kacida nyaahna ka rahayatna, jadi kacida keuheulna ka musuh-musuhna.

³ Kami seja balik deui, seja linggih deui di Yerusalem; nagri Kami anu suci sina kamashurkeun nagri ibadah, sarta gunung kagungan PANGERAN Nu Maha Kawasa sina disarebut gunung suci.

⁴ Alun-alun kotana bakal jadi deui tempat pelesir jelema-jelema anu geus karolot, anu geus karundang iteuk, lalaki, awewe.

⁵ Jalan-jalanna bakal jadi deui tempat arulin barudak lalaki barudak awewe.

⁶ Hal ieu, ku maranehna mah, nya ku umat Kami anu nyesa keneh, tangtu karasana mustahil. Tapi henteu mustahil ari pikeun Kami mah.

⁷ Umat Kami anu di nagri-nagri sejen, ku Kami arek dijait.

⁸Nu ti wetan, nu ti kulon, rek dibawa mulang, sina maratuh deui di Yerusalem, jadi umat Kami, sarta nya Kami Allah panutanana anu baris ngatur ka maranehna, satia tur adil.

⁹Sing galede hate! Ieu sabda nya sabda Kami anu bareto keneh, anu diucapkeun ku nabi-nabi, keur mangsa masang pademen Bait Kami basa rek diadegkeun deui tea.

¹⁰Samemeh mangsa eta, maraneh taya saurang-urang acan anu kuat nyewa tanaga jalma atawa sato, turug-turug euweuh saurang-urang acan anu ngarasa aman ti musuh. Malah ku Kami oge unggal jalma sina bentrok.

¹¹Tapi ka umat anu ayeuna aya keneh mah Kami moal kitu.

¹²Pepelakanana baris kaala tur reujeung aman, anggurna bakal baruahan, sarta moal kurang-kurang hujan. Eta berkah-berkah ku Kami tangtu dibikeun ka ieu umat Kami anu nyesa keneh.

¹³Eh urang Yuda jeung urang Israil! Bareto, lamun jalma-jalma urang asing silih sumpahan, ucapanana teh, Maneh sing meunang bahla saperti anu karandapan ku urang Yuda jeung urang Israil! Ayeuna maraneh ku Kami baris ditulungan. Ayeuna mah urang asing teh bakal kieu ucapanana, Muga anjeun meunang bagja, cara anu katarima ku urang Yuda jeung urang Israil.

Ku sabab eta maraneh sing galede hate, ulah salempang."

¹⁴PANGERAN Nu Maha Kawasa ngandika, "Waktu Kami jengkel ku kalakuan karuhun maraneh baheula, upama Kami aya karep nyangsara, terus bae dibuktikeun, tara teu dijalankeun.

¹⁵Ayeuna Kami arek ngaberkanan ka urang Yuda jeung urang Yerusalem. Ieu oge ku Kami moal teu dibuktikeun. Ulah salempang.

¹⁶Ayeuna mah turutkeun Kami: Ari jeung pada batur, ngomong teh kudu anu saestuna. Di pangadilan kudu ngomong sabenerna, malar piluluseun batur.

¹⁷Ulah hayang nyusahkeun ka batur. Ulah sumpah palsu. Kami ijid kana bohong, kana teu adil, kana kalaliman."

¹⁸PANGERAN Nu Maha Kawasa ngembankeun ieu sabda ka Jakarta.

¹⁹Timbalana-Na, "Jalankeun ku urang Yuda kalawan gumbira jeung rasa bagja, ibadah puasa dina bulan kaopat, kalima, katujuh jeung kasapuluh. Kudu cinta kana kaestuan, cinta kana karukunan."

²⁰PANGERAN Nu Maha Kawasa ngandika, "Tereh cunduk kana waktu, jelema-jelema ti nagri-nagri sejen bakal loba anu daratang ka Yerusalem.

²¹Jalma-jalma ti hiji nagri ngajak ka jalma-jalma nagri sejenna, Kuring arek

ngabakti ka PANGERAN Nu Maha Kawasa.
Hayu urang bareng!

²² Loba jalma jeung bangsa-bangsa anu kuat bakal daratang ka Yerusalem, seja ngabarakti ka PANGERAN Nu Maha Kawasa jeung menta berkah Mantenna.

²³ Harita, sapuluh jalma urang asing bakal datang ka urang Yahudi saurang ngaromong kieu, Kaula ge hayang bagja cara anjeun; rehna kaula nguping yen anjeun diberkahan ku Allah."

9 ¹Ieu amanat PANGERAN. Mantenna geus ngadamel putusan, ngahukum nagri Hadrah jeung kota Damsik. Sabab boh kaom-kaom Israil, boh ibukota Siria, PANGERAN anu kagungan.

² Hamat, anu satapel wates jeung Hadrah, eta ge kagungana-Na, kitu deui kota-kota Tirus jeung Sidon katut kaahlianana.

³ Tirus geus nyieun benteng-benteng keur dirina, jeung numpuk-numpuk perak jeung emas, nepi ka jadi saperti barang biasa, saperti taneuh!

⁴ Tapi sagala pangabogana ku PANGERAN bakal dijabel. Kakayaanana ku Mantenna bakal diceburkeun ka laut, sarta nagrina diduruk tepi ka beak jadi lebu.

⁵ Kota Askelon bakal nenjoeun hal eta sarta sieuneun. Kota Gasa ge bakal nenjoeun hal eta, hatena ketir kabina-bina. Kitu keneh Ekron ge nenjoeun, seug buyar sagala

harepanana. Gasa bakal kaleungitan rajana, sarta Askelon bakal kosong.

⁶ Asdod bakal diandih ku bangsa campuran. Kieu timbalan PANGERAN, "Eta bangsa Pelisti anu aradigung ku Kami bakal direndahkeun.

⁷ Moal deui maranehna nyatu daging nu getihan keneh, atawa ngahakan kahakanan anu haram. Ari anu sakarina, anu harirup keneh, bakal kaasup ka umat Kami, dianggap hiji warga kaom Yuda. Urang Ekron, kitu deui urang Yebus, eta ge bakal kaasup umat Kami.

⁸ Tanah Kami ku Kami bakal dijaga, ngahalangan pasukan-pasukan asing sangkan ulah ngaliwat ka dinya. Umat Kami moal dibikeun dikaniaya ku nu darolim. Kami geus ningali kasangsaraan umat Kami."

⁹ Eh urang Sion, masing gumbira! Eh urang Yerusalem, geura surak! Tenjo! I tu Raja maneh sumping. Sumpingna reujeung jaya tur unggul, tapi manahna handap asor sumpingna nitih kalde, anak kalde ngora keneh.

¹⁰ Ngandika PANGERAN, "Ti Israil, Kami rek miceunan kareta perang. Ti Yerusalem rek ngeuweuhkeun kuda. Gondewa paranti perang rek dipingges-pinggeskeun. Raja maneh baris ngembarkeun karukunan ka bangsa-bangsa. Murbana ti tungtung laut ka tungtung laut deui, mimiti ti Walungan Eprat, nepi ka satungtung jagat."

¹¹ Ngandika PANGERAN, "Kami inget, ka maneh Kami geus jangji, jangji anu dicap ku getih kurban. Ku sabab eta rahayat maneh ku Kami rek diluginakeun, dijait ti pangboyongan, lir diangkat tina sumur saat.

¹² Maraneh, para boyongan, nu ayeuna baroga harepan, geura marulang ka lembur anu aman. Kami ngabejaan, maraneh rek disenangkeun, rek diberkahan dua kalieun, ku sabab tina kasangsaraan nu ku maraneh geus kaalaman.

¹³ Urang Yuda bakal jadi minangka gondewa, Israil minangka jamparing. Urang Sion minangka pedang, geusan ngayonan Yunani."

¹⁴ PANGERAN bakal ebreh luhureun umat-Na, jamparing-Na ngolepat saperti kilat. Gusti PANGERAN bakal niup sangkakala, bari majeng nitih angin ribut ti kidul.

¹⁵ PANGERAN bakal ngaraksa umat-Na, nepi ka maranehna bisa numpes musuhna, tinggarero di medan perang lir nu marabok, getih musuhna dibuhekeun, mani ngocor saperti getih sato kurban anu dibuhekeun tina pinggan kana altar.

¹⁶ Upama geus cunduk waktuna, PANGERAN tangtu ngabela ka umat-Na, lir pangangon ngabela angonanana tina bahaya. Sina tingponcorong ti tanah kagungana-Na, lir permata dina makuta.

¹⁷ Tada teuing hadena jeung endahna eta tanah teh! Barudak ngorana bakal karuat badanna, berkah gandumna jeung anggurna.

10¹ Suhunkeun ka PANGERAN, mugi-mugi aya hujan dina usum sirung. Nya PANGERAN anu ngayakeun mega pihujaneun, nu nurunkeun hujan, sangkan lahan-lahan jadi seger jeung hejo, pikeun kaperluan sakabeh manusia.

² Jalma-jalma mentana sok ka brahala, atawa ka tukang peleng, padahal jawabanana ngan jijieunan wungkul, omong kosong. Aya nu sok napsir impian, padahal tapsiranana matak sasab pipikiran, panglipur anu taya gunana. Kalakuan jalma jadi nguluyur, kawas domba nu ngalantrah. Pikarunyaeun, kawantu taya anu nungtun.

³ Kieu timbalan PANGERAN, "Kami teh ambek pisan ka urang asing anu keur marentah ka umat Kami, nu matak ku Kami arek disiksa. Urang Yuda teh umat Kami, geus tangtu baris dijaga ku Kami, PANGERAN Nu Maha Kawasa. Pikeun Kami, Yuda teh baris minangka kuda perang.

⁴ Yuda bakal ngagelarkeun raja-raja, para pamingpin, para panglima, anu bakal ngatur umat Kami.

⁵ Urang Yuda pasti jaya, ibarat prajurit anu ngaluluh musuhna dina leutak. Ana tarung tangtu disarengan ku PANGERAN, nepi ka pasukan kuda musuhna ge moal teu lebur.

⁶Urang Yuda, sina jaradi jalma gagah, urang Israil pasti ku Kami dibela. Kami watir nenjo maranehna, nu matak rek dipulangkeun ka lemah caina. Moal aya tapak-tapak entas dipiceun ku Kami. Ieu Kami PANGERAN, Allah panutanana, baris narima kana sagala panedana.

⁷Urang Israil baris kuat lir para prajurit, bakal galumbira hatena, saperti jalma nu tas nginum anggur. Kajayaanana bakal kainget-inget ku anak incuna. Anak incuna bakal barungah, barungah ku pitulung PANGERAN.

⁸Umat Kami rek disaur, sina karumpul ngahiji. Sina pulih sarta loba deui kawas saasal ti heula.

⁹Najan ku Kami geus disina pabalencar, di nagri-nagri deungeun bacacar, tapi anu jararauh ge, hatena mah aringeteun bae ka Kami.

¹⁰Kami anu baris mawa mulang, ti Mesir jeung ti Asur, sina maratuh deui di nagri sorangan. Malah sina nyaricingan Gilad jeung Libanon. Nagrina sakuliahna, bakal gegek deui pangeusina.

¹¹Ana maranehna nyorang lautan sangsara, Kami anu bakal narajang ombakna. Leuwi-leuwi Walungan Nil oge tinangtu saat caina. Nagri Asur nu adigung bakal ngeluk, nagri Mesir nu perkasa, bakal ucul kawasana.

¹² Sabalikna umat Kami, rek disina kuat, sarta bakal taat ngabakti ka Kami." Kitu timbalan PANGERAN.

11 ¹Buka panto-panto maneh, Libanon!
Leuweung kiputri maneh rek dihuru!

²Geura ceurik jejeritan, tangkal-tangkal camara! Tangkal-tangkal kiputri geus rarubuh, anu sakitu mulyana teh geus digempur!
Geura ceurik jejeritan, eh tangkal-tangkal galedé di Basan! Leuweung nu kekep teh geus rata dibabad.

³Para pangereh careurik, nolangsa,
geus musna kamulyaanana! Dengekeun,
singa-singa tinggalaur, dumeh leuweungna di
sapanjang Walungan Yordan geus lebur.

⁴PANGERAN, Allah kaula, nimbalan ka kaula,
"Pangongankeun itu domba-domba nu rek
dipeuncitan.

⁵Anu bogana ngan meuncitan bae, tapi
taya nu ngahukum. Bari ngajual daging eta
domba-domba, maranehna ngomong kieu,
Puji PANGERAN! Urang jadi tambah beunghar!
Para pangangonna sorangan teu nyaraaheun
ka domba-dombana."

⁶(PANGERAN ngandika, "Kami moal
karunya ka saha-saha deui di ieu nagri.
Kami sorangan rek nyerenkeun sakabéh
jelemana kana kakawasaan para pangerehna.
Ieu nagri ku eta pangereh-pangereh bakal
diancurkeun, sarta ku Kami moal diluputkeun
tina kakawasaan maranehna.")

⁷ Jalma-jalma anu meuli jeung ngajual eta domba-domba, ngulikeun ka kaula, tuluy kaula jadi pangangon eta domba-domba anu rek dipeuncitan tea. Sim kuring nyokot iteuk dua, nu hiji dingaranan "Kurnia", nu hiji deui "Beungkeutan". Tuluy domba-domba teh ku kaula dijaga.

⁸ Batur papada tukang ngangon tiluan, ngarewaeun ka kaula, nepi ka kaula beak kasabaran, sarta di jero sabulan ku kaula diusir tiluanana.

⁹ Geus kitu domba-domba teh ku kaula diomongan, "Kami moal ngangon deui maraneh. Mana-mana nu kudu paeh, nya paeh. Mana-mana nu kudu tiwas, nya tiwas. Sesana pek silih teunggar nepi ka paeh."

¹⁰ Iteuk anu ngaranna "Kurnia" dipinggeskeun, nandakeun bedona perjangjian antara PANGERAN jeung pangeusi dunya.

¹¹ Jadi ti semet poe eta perjangjianana geus dibatalkeun. Tukang jual beuli domba anu harita ngawaskeun peta kaula nyarahoeun, yen eta peta kaula teh karana sabda PANGERAN.

¹² Geus kitu kaula menta bayaran, "Lamun aranjeun rido, kaula menta bayaranana. Tapi ari teu rarido mah entong." Seug ku maranehna dibayar tilu puluh gebleg perak.

¹³ PANGERAN nimbalan ka kaula, "Duit teh asupkeun kana kas Bait Kami." Seug eta duit

teh diasupkeun kana kas Bait Allah. Ceuk pangrasa nu muruhkeunana mah buruhan sakitu teh mahal teuing.

¹⁴ Geus kitu iteuk anu ngaranna "Beungkeutan" oge ku sim kuring dipinggeskeun jadi dua potong, nandakeun yen Yuda jeung Israil geus henteu ngahiji deui.

¹⁵ PANGERAN nimbalan ka kaula, "Maneh sakali deui kudu jadi pangangon, tapi ayeuna mah kudu jadi pangangon anu taya gunana.

¹⁶ Sabab Kami geus nempatkeun hiji pangangon sina ngurus domba-domba Kami. Tapi manehna ngantep domba-domba Kami anu kaancam bahaya. Nu leungit teu diteangan, nu raheut teu diubaran, nu araya teu diparaban. Malah sabalikna sok ngahakan daging domba Kami anu panglintuhna sarta nyabutan kukuna.

¹⁷ Sing cilaka eta tukang ngangon gejul nu tanpa guna teh! Manehna geus ninggalkeun domba-domba angonanana. Sing tumpes kamampuhna ku perang, sing keked leungeunna, sing kences matana anu katuhu."

12¹ Ieu amanat PANGERAN ngeunaan Israil, PANGERAN, nu mentangkeun langit, nu nyiptakeun jagat, nu maparin hirup ka manusia. Kieu timbalana-Na,

² "Yerusalem ku Kami rek dijieun saibarat gelas anggur. Anggurna diarinum ku

bangsa-bangsa sabudeureunana nepi ka tingjolongjong kawas jalma anu mabok. Waktu Yerusalem ku maranehna dikepung, kota-kota di Yuda anu kari keneh oge bakal dikepung.

³Tapi dina geus mangsana mah Yerusalem ku Kami rek dijieun saibarat batu anu kacida beuratna. Bangsa mana bae anu nyoba-nyoba ngagulingkeun bakal cilaka. Geus kitu bangsa-bangsa saalam dunya bakal ngahijikeun kakuatan arek nempuh Yerusalem.

⁴Dina waktu eta, kabeh kudana ku Kami rek disingsieunan, nu tarumpakna sina aredan. Urang Yuda tangtu ku Kami dijaga, sabalikna kuda pasukan musuhna baris dilolongan.

⁵Warga-warga golongan Yuda bakal ngaromong dijero hatena, PANGERAN Nu Maha Kawasa maparin kakuatan ka dulur-dulur urang di Yerusalem.

⁶Harita warga-warga golongan Yuda ku Kami rek dijieun ibarat seuneu nu ngahuru leuweung, atawa ngahuru huma nu gandumna geus asak, baris ngabasmu bangsa-bangsa anu aya di sakurilingeunana. Ari urang Yerusalem tetep ajeg tur aman di jero kota.

⁷Kami, PANGERAN, rek ngaheulakeun balad Yuda unggul, sangkan urang Yuda anu kari keneh harkatna teu leuwih handap ti batan

harkat anu bakal katarima ku turunan Daud jeung ku urang Yerusalem.

⁸Harita, Kami, PANGERAN, bakal ngaraksa pangeusi Yerusalem. Jalma anu panghengkerna ge harita bakal jadi bedas kawas Daud. Maranehna bakal dipingpin ku turunan Daud, lir ditungtun ku malaikat PANGERAN, ku Allah ku manten.

⁹Harita, bangsa mana bae anu nyoba-nyoba ngajorag Yerusalem, bakal dibasmi.

¹⁰Turunan Daud jeung nu sejen-sejenna di Yerusalem, ku Kami bakal dieusi ku rasa kanyaah jeung kadaek kana sembahyang. Jalma nu ditubles ku maranehna nepi ka paeh teh bakal dipalire, sarta dicaleungceurikan kawas nyeungceurikan anak anu ngan hiji-hijina. Maranehna bakal midangdam kawas katinggal paeh ku anak cikal.

¹¹Dina mangsa eta nu maridangdam di Yerusalem bakal kacida poharana, kawas midangdam nyeungceurikan Hadad Rimon keur basa di tegal Megido.

¹²(12:12-14) Tiap kulawarga di eta nagri midangdamna sorangan-sorangan: kulawarga turunan Daud, kulawarga turunan Natan, kulawarga turunan Lewi, kulawarga turunan Simei, jeung kulawarga-kulawarga seja. Tiap kulawarga midangdamna masing-masing, sarta lalaki ti satiap kulawarga midangdamna misah ti awewe."

¹³(12:12)

¹⁴(12:12)

13 ¹"Lamun geus cunduk waktuna," timbalan PANGERAN Nu Maha Kawasa, "bakal aya cinyusu ngaburial, anu bakal nyucikeun turunan Daud jeung urang Yerusalem tina dosa-dosana, jeung tina nyembahna ka brahala.

²Harita, ngaran brahala-brahala teh ku Kami bakal dipupus ti jero nagri, moal aya nu nginget-nginget deui. Sing saha anu ngaku-ngaku nabi bakal diusir, sarta Kami bakal ngaleungitkeun kahayang jalma kana ngabakti ka brahala.

³Upama aya anu keukeuh ngawejang, indung bapana sorangan bakal ngomong ka manehna, nyebutkeun yen manehna kudu dipaehan, lantaran anu majar ngucapkeun sabda PANGERAN teh saenyana mah bohong. Lamun keukeuh sok ngawejang keneh, ku indung bapana bakal ditubles nepi ka paeh.

⁴Mun eta waktu geus cunduk, moal aya nabi anu agul-agul majar meunang tetenjoan, moal aya anu nyeta-nyeta nabi atawa make pakean nabi pikeun nипу jalma-jalma.

⁵Malah carekna teh, Kuring lain nabi. Kuring mah tukang tani, saumur-umur digawe teh di kebon.

⁶Upama aya nu nanya, Ari eta tatu-tatu dina dada ku naon? bakal ngajawab, Ieu mah raheut waktu keur di imah babaturan."

⁷ Kieu timbalan PANGERAN, "He, pedang, geura tandang. Tarajang itu pangangon anu digawe pikeun Kami! Paehan, dombana pabalencarkeun. Kami arek narajang ka umat Kami sorangan!"

⁸ Dua per tilu pangeusi nagri bakal paraeh.

⁹ Anu sapertilu deui anu harirup keneh, ku Kami baris diuji, sarta rek diberesihan saperti perak dibesot ku seuneu. Arek diuji cara nguji emas. Geus kitu maranehna bakal sasambat ka Kami, tangtu ku Kami oge didangu. Rek diomongkeun ka maranehna yen maranehna teh umat Kami, sarta maranehna ge bakal ngaraku yen Kami teh Allah maranehna."

1 4 ¹Poena PANGERAN bakal ngahakiman geus deukeut. Sarta Yerusalem bakal aya nu ngajarah, barang-barang jarahanana dibagi-bagi hareupeun panon aranjeun.

²Bangsa-bangsa ku PANGERAN bakal dikumpulkeun, sina merangan Yerusalem. Eta nagri bakal kajabel, imah-imah diranjah, awewe-awewe diperkosa. Rahayat saparo diakut ka pangbuangan, saparona deui diantep di eta kota.

³Geus kitu PANGERAN bakal maju merangan bangsa-bangsa tea, saperti jaman-jaman nu geus kaliwat.

⁴Harita Mantenna bakal ngadeg di Gunung Jetun, wetaneun Yerusalem. Eta gunung bakal beulah dua ti wetan ka kulon, dipisahkeun ku

hiji jungkrang lega. Nu sabeulah ngeser ka kaler, nu sabeulah deui ngeser ka kidul.

⁵ Maraneh bakal ngaluputkeun diri nyorang eta jungkrang anu meulah eta gunung, supaya salamet. Maraneh bakal lalumpatan cara karuhun maraneh, basa katarajang lini keur jaman Yuda dirajaan ku Usia. Sanggeus kitu PANGERAN, Allah kaula, tangtu sumping, nyandak sakabeh malaikat.

⁶ Upama eta mangsa geus datang, hawa tiris atawa kimpel moal aya deui.

⁷ Poek oge moal aya. Bakal caang sapapanjangna, peuting oge caang kawas ti beurang. Iraha eta bakal kasorangna, ngan PANGERAN anu uninga.

⁸ Upama eta mangsa geus datang, bakal aya cai seger anu ngocor ti Yerusalem. Sawareh ngocorna ka Laut Paeh, sawareh ka Laut Tengah. Ngocorna sapanjang taun, boh dina usum hujan, boh dina usum katiga.

⁹ Geus kitu PANGERAN jadi raja saalam dunya, disembah ku saban jalma, diaku Allah ku sarerea, kabeh jalma kenal ka Mantenna dina jenengan anu sarua.

¹⁰ Saantero nagri, ti kaler mimiti ti semet Geba, nepi ka Rimon di beulah kidul, bakal jadi tanah padataran. Tapi Yerusalem bakal mumbul luhur, leuwih luhur ti tanah-tanah sabudeureunana. Ari legana Yerusalem mimiti ti semet Gapura Binyamin, kebat nepi ka Gapura Pojok urut gapura nu ti heula, jeung

ti semet Munara Hananel kebat ka tempat
pameresan anggur milik karaton.

¹¹ Jalma-jalma pangeusina bakal hirup
rahayu, moal kaancam deui ku kabinasaan.

¹² Bangsa-bangsa anu merangan ka
Yerusalem, ku PANGERAN bakal diterapan
kasakit anu pohara, hirup-hirup keneh
dagingna geus baruruk, siki mata jeung
letahna ge sina baruruk.

¹³ Dina waktu eta pikiran maranehna ku
PANGERAN bakal disina kusut jeung ngarasa
sieun, nepi ka unggal jalma bakal nyerek
jeung narajang ka baturna anu deukeut.

¹⁴ Urang Yuda bakal tarung ngabelaan
Yerusalem, bakal meunang harta rampasan
ti bangsa-bangsa sakurilingna, emas, perak,
jeung papakean kacida lobana.

¹⁵ Sato-sato oge, kuda, bigal, onta, jeung
kalde di pakemahan musuh, kabeh bakal
keuna ku hiji kasakit anu hebat.

¹⁶ Geus kitu, eta bangsa-bangsa anu
narajang ka Yerusalem teh, sesana anu
harirup keneh, saban taun bakal daratang ka
Yerusalem, arek ngabarakti ka nu jadi Raja,
PANGERAN Nu Maha Kawasa, jeung rek milu
mestakeun Pesta Saung Daun.

¹⁷ Mun aya bangsa anu teu indit, embung
ngabakti ka Raja, PANGERAN Nu Maha
Kawasa, di tanahna moal aya hujan.

¹⁸ Urang Mesir upama embung milu
mestakeun Pesta Saung Daun, bakal

ditarajang ku kasakit anu ku PANGERAN
disina narajang ka tiap bangsa anu nolak indit
ngabakti.

¹⁹ Kitu hukuman anu bakal keuna, boh ka
urang Mesir, boh ka bangsa-bangsa lianna,
lamun maranehna arembungeun mestakeun
Pesta Saung Daun.

²⁰ Dina waktu eta, sagala rupa barang, nepi
ka genta-genta dina rarangken kuda bakal
diukir ku kecap "Dihaturkeun ka PANGERAN".
Sakabeh kawali di jero Bait Allah bakal
disaruakeun sucina jeung mangkok-mangkok
nu di hareupeun altar.

²¹ Ku sabab kitu, ungal kawali di Yerusalem
jeung di sakuliah Yuda bakal dipisah-
pisahkeun, pikeun digunakeun dina waktu
dina ngabakti ka PANGERAN Nu Maha
Kawasa. Jalma-jalma anu ngabaktikeun
kurban bakal marake kawalina ngulub daging
kurban. Lamun eta waktu geus cunduk, di
Bait PANGERAN Nu Maha Kawasa moal aya
deui anu daragang.

Maleakhi

1 ¹Ieu pesen PANGERAN ka Malaki pikeun urang Israil.

²Timbalan PANGERAN ka umat-Na, "Salilana Kami mikanyaah ka maraneh." Tapi maranehna ngajawab, "Naon tawisna nyaah ka abdi-abdi?" Waler PANGERAN, "Esau jeung Yakub adi lanceuk. Tapi Kami mikanyaah teh ka Yakub jeung turunanana.

³Ka Esau jeung turunanana Kami ijid, kota manehna di pagunungan ku Kami ditumpurkeun, dijieueng enggon sato-sato leuweung."

⁴Upama ceuk urang Edom turunan Esau, "Kota urang geus diruksak. Urang adegkeun deui," baris diwaler ku PANGERAN, "Pek adegkeun deui, ku Kami rek diancurkeun deui. Ku jalma-jalma bakal disarebut Nagri doraka jeung Bangsa anu salilana dibenduan ku PANGERAN."

⁵Kaayaanana kitu bakal katarenjoeun sorangan ku urang Israil, nepi ka ceuk maranehna, "PANGERAN di luareun Israil ge hebat!"

⁶PANGERAN Nu Maha Kawasa nimbalan ka imam-imam, "Anak hormat ka bapa. Gandek ajrih ka juraganana. Mana hormat maraneh ka Kami, bapa maraneh? Mana

kaajrih maraneh ka Kami, juragan maraneh?
Maraneh ngahina ka Kami, tapi ceuk maraneh,
Ngahina kumaha abdi-abdi ka Gusti?

⁷ Maraneh ngabaktikeun kadaharan anu
teu pantes kana altar Kami. Ceuk maraneh,
Naon margina disebatkeun teu ngahormat?
Sababna maraneh nganggap rendah altar
Kami.

⁸ Ari mawa sato lolong atawa sato gering
atawa pincang keur kurban ka Kami, naha
lain salah eta kalakuan maraneh teh? Coba
bikeun sato siga kitu ka gupernur! Daekeun
manehna narima, atawa mere peresen?"

⁹ Ayeuna aranjeun, imam-imam, coba
ngadoa ka Allah, ka PANGERAN, neneda
sugan Mantenna kersaeun mikawelas ka
urang. Doa aranjeun ku Mantenna moal
diwaler, lantaran salah aranjeun sorangan.

¹⁰ Timbalan PANGERAN Nu Maha Kawasa,
"Leuwih hade panto-panto Bait Kami teh ku
maraneh ditutup, pikeun nyegah maraneh
ulah nepi ka ngahurungkeun seuneu dina
altar Kami, taya gunana lantaran ku Kami
moal kapake. Kami teu resep ka maraneh.
Embung narima kurban ti maraneh.

¹¹ Jalma-jalma saalam dunya ngahormat
ka Kami. Di mana-mana jelema-jelema
mareuleum dupa pikeun Kami, jeung marere
kurban kasedep Kami. Kabeh ngahalormat ka
Kami!

¹² Sabalikna maraneh mah ka Kami ngarendahkeun, nyebutkeun altar Kami taya hargana, diteundeunan kadaharan anu ku maraneh sorangan geus teu dipikahayang.

¹³ Bosen migawe nu kieu bae! ceuk maraneh mani dangah ka Kami. Maraneh mere kurban ka Kami teh sato beunang maling, atawa sato pincang, atawa sato gering. Dikira Kami daek narima?

¹⁴ Sing ulah jamuga jalma anu ngabobodo ka Kami, anu mere kurban sato goreng, padahal boga nu alus nu geus dijangjikeun pikeun Kami! Kami teh Raja Agung, anu dipikagimir ku jelema-jelema unggal bangsa."

2¹ PANGERAN Nu Maha Kawasa ngandika ka para imam,

²"Ieu parentah pikeun maraneh: Kalakuan maraneh ka Kami masing hormat. Upama maraneh teu daraek ngadenge omongan Kami ku Kami rek diterapan panyapa. Sakur anu katampa ku maraneh keur rejeki maraneh ku Kami baris disapa. Saenyana, eta kabeh ku Kami geus disapa, lantaran maraneh geus henteu enya-enya ngajalankeun parentah Kami.

³Anak-anak maraneh rek dihukum, beungeut maraneh rek dipopokan ku kokotor sato anu ku maraneh dikurbankeun ka Kami, sarta maraneh ku Kami rek digusur kana tumpukan kokotor.

⁴Kakara maraneh bakal ngarasa yen Kami geus ngaluarkeun ieu parentah, sangkan perjangjian Kami jeung imam-imam turunan Lewi henteu nepi ka udar.

⁵Dina eta perjangjian Kami ka maranehna ngajangjikeun kasenangan jeung kasantosaan hirup, sangkan maranehna hormat ka Kami. Dina jaman harita mah memang maranehna hormat ka Kami jeung mikasieun.

⁶Maranehna ngajarkeun anu bener, lain ngajarkeun anu salah. Hirupna jeung Kami rukun saluyu. Tur benerna teh lain keur sadirieunana, ka jalma rea oge ngabantu sangkan ngeureunan kalakuan jahat.

⁷Kudu kitu imam-imam mah, kawajibana ngajarkeun anu bener tina hal Allah. Nya ka maranehna jalma-jalma kudu daratangna pikeun diajar perkara pangersa Kami, sabab imam-imam teh utusan-utusan PANGERAN Nu Maha Kawasa.

⁸Tapi maraneh mah, imam-imam anu ayeuna, geus mengpar ti jalan nu bener. Pangajaran maraneh nungtun jalma rea nyieun kasalahan. Maraneh geus ngaruksak perjangjian anu ku Kami dijieu jeung maraneh.

⁹Ku sabab kitu, sabalikna maraneh ge ku Kami rek disina disapirakeun ku urang Israil, lantaran teu nurut kana parentah Kami, jeung dina ngajar umat Kami maraneh ngabeda-beda jalma."

¹⁰ Ari urang lain tunggal sa-Rama? Lain sarua diciptakeun ku Allah nu hiji? Jadi, ku naon silih cidraan jangji, jeung ku naon nyapirakeun perjangjian anu dipidamel ku Allah jeung karuhun urang?

¹¹ Urang Yuda cidra tina jangjina ka Allah, sarta di Yerusalem jeung di sakuliah nagri nyieun kalakuan anu goreng kabina-bina. Maranehna ngarurujit Bait Allah anu ku Allah dipikacinta. Lalakina karawin ka awewe-awewe anu allahna lain Allah urang.

¹² Sing disingkirkeun ku PANGERAN jalma-jalma anu karitu ti kalangan Israil, ulah sina pipilueun ka bangsa urang ngahaturkeun pangbakti ka PANGERAN Nu Maha Kawasa.

¹³ Aya deui kalakuan maraneh. Maraneh geus ngeueum altar PANGERAN ku cimata maraneh; maraneh ngaradon ceurik jeung sasambat di dinya, lantaran Mantenna geus teu kersaeun narima deui pangbakti maraneh.

¹⁴ Maraneh nanyakeun naon sababna Mantenna teu kersaeun nampi. Sababna lantaran uningaeun, maraneh ingkar jangji ka pamajikan anu dikawin ti jaman maraneh ngora. Maraneh ingkar tina jangji arek satia ka pamajikan, ka batur hirup maraneh, jangji anu diikrarkeunana di payuneun Allah.

¹⁵ Jiwa raga maraneh jeung pamajikan teh lain geus disatunggalkeun Allah? Naon maksud Mantenna kitu teh? Nya eta sangkan maraneh boga anak, anu baris jadi umat

Allah anu tulen. Ku sabab eta kudu dijaga, sangkan ti lebah maraneh saurang ge ulah aya anu ingkar tina jangji satia ka pamajikan.

¹⁶"Kami ijid kana pepegatan," timbalan PANGERAN Allah Israil. "Kami geuleuh lamun ti maraneh aya anu nyieun peta telenges kitu ka pamajikanana. Jaga, ulah nepi ka maraneh ingkar tina jangji satia ka pamajikan maraneh."

¹⁷Omongan maraneh teh geus ngabosenkeun PANGERAN. Tapi carek maraneh, "Ngabosenkeun dina hal naon kuring ka Mantenna teh?" Dina ucap-ucapan maraneh, anu nyebutkeun, "Kabeh jalma nu jahat lampahna, ku PANGERAN Nu Maha Kawasa dianggap hade. Saenyana Mantenna mikaresep ka nu karitu." Atawa dina pananya maraneh anu kieu, "Mana Allah anu dianggap adil teh?"

3 ¹Waleran PANGERAN Nu Maha Kawasa, "Kami rek ngirim utusan, geusan nyadiakeun jalan pikeun Kami. PANGERAN anu dipicangcam ku maraneh teh bakal ngadadak sumping ka Bait-Na. Eta utusan anu ku maraneh geus heubeul diarep-arep, pasti datang ngembarkeun perjangjian Kami."

²Tapi saha anu baris tahan dina mangsa Mantenna sumping? Saha anu baris tagen lamun Mantenna geus nembongan? Karana Mantenna teh baris ngeuweuhkeun sagala

kokotor saperti sabun, lir seuneu anu ngamurnikeun logam.

³Anjeunna baris jadi hakim. Lir upama jalma nganyarkeun jeung ngamurnikeun perak, eta utusan PANGERAN teh bakal ngamurnikeun imam-imam, supaya maranehna ngahaturkeun kurban anu bener ka PANGERAN.

⁴Lamun geus kitu, kurban-kurban ti urang Yuda jeung urang Yerusalem ku Mantenna bakal kaanggo deui saperti baheula.

⁵Dawuhan PANGERAN Nu Maha Kawasa, "Kami rek ebreh ka maraneh pikeun ngahakiman, sakalian jadi saksi tina perkara tukang-tukang sihir, perkara nu ngaranyed, perkara saksi-saksi palsu, perkara jelema-jelema anu ngalicikan upah kuli-kuli, perkara jelema-jelema tukang nyokot rejeki randa-randa, barudak pahatu, jeung urang asing; cindekna perkara jelema-jelema anu henteu ngendahkeun ka Kami."

⁶"Kami teh PANGERAN, sarta Kami tara robah. Eta sababna maraneh, turunan Yakub, henteu ditumpes sama sakali.

⁷Saperti karuhun maraneh baheula, maraneh geus ingkar tina hukum-hukum Kami, henteu satia ka eta. Geura baralik deui ka Kami, tangtu Kami oge balik deui ka maraneh. Tapi maraneh nanya ka Kami, Kedah kumaha supados tiasa wangsul deui ka Gusti teh?

⁸Kami arek nanya: Naha pantes jelema ngarinah ka Allah? Tangtu teu pantes. Tapi maraneh geus ngarinah ka Kami. Ceuk maraneh, Ngarinah dina naon? Dina mayar perpuahan jeung dina mere pangbakti.

⁹Maraneh kabeh aya dina panyapa, lantaran sakumna bangsa maraneh geus ngarinah ka Kami.

¹⁰Serenkeun sing gembleng perpuahan maraneh ka Bait Kami, supaya di dinya teu kurang-kurang bahan dahareun. Pek Kami uji, engke maraneh narenjo Kami mukakeun jandela-jandela sawarga, ngahujanan maraneh ku sagala rupa anu mangpaat.

¹¹Pepelakan maraneh ku Kami moal dibikeun diruksak ku hama, pelak anggur baris meuhpeuy baruahan.

¹²Maraneh tan wande disarebut bagja ku jelema-jelema sagala bangsa, sabab nagri maraneh tempat nu hade keur tempat hirup."

¹³Dawuhan PANGERAN, "Maraneh geus ngomongkeun Kami kacida garihalna. Tapi carek maraneh, Parantos nyanggemkeun naon abdi-abdi perkawis Gusti?

¹⁴Maraneh geus ngomongkeun kieu, Percumah ngabakti ka Allah ge. Naon gunana urang ngalakonan sagala dawuhana-Na, atawa usaha nempongkeun rasa kaduhung ku kalakuan urang ka PANGERAN Nu Maha Kawasa?

¹⁵ Urang nenjo sorangan jalma-jalma nu aradigung hirupna sarenang. Jalma-jalma jahat lain ngan beuki makmur bae, malah ngadaroja kasabaran Allah ku kajahatanana, tapi saralamet bae."

¹⁶ Geus kitu jelema-jelema anu sieun ku PANGERAN silih elingan pada batur. Omonganana didangukeun ku PANGERAN. Di payuneun Mantenna aya kitab, catetan jalma-jalma anu mikasieun jeung ngajenan ka Mantenna.

¹⁷ Timbalan PANGERAN Nu Maha Kawasa, "Maranehna bakal jaradi umat Kami. Dina poean Kami nyieun tindakan, maranehna rek dijadikeun milik Kami pisan. Kami baris mikarunya ka maranehna, saperti bapa mikarunya ka anakna anu babakti.

¹⁸ Umat Kami bakal narenjo deui bedana nasib anu tumiba ka jalma-jalma anu harade kalakuan jeung ka nu jarahat, ka nu ngabarakti ka Kami jeung ka nu henteu."

4 ¹ Dawuhan PANGERAN Nu Maha Kawasa, "Geus tereh cunduk poena jelema-jelema anu arangkuh jeung jarahat baris diduruk kawas jarami. Dina poe eta maranehna bakal diduruk nepi ka beak moal aya nu nyesa.

² Ari maraneh, anu narurut ka Kami, bakal kasorot ku kakawasaan Kami anu kawasa nyalametkeun, anu medal lir panonpoe meletek, sarta sinarna matak nyageurkeun. Maraneh bakal bebas, lugina jeung galumbira

lir anak sapi anu kakara dikaluarkeun ti
kandangna.

³Dina poean Kami midamel kitu, maraneh
bakal ngelehkeun jalma-jalma anu jarahat
nepi ka diidek kawas lebu.

⁴Masing aringet kana pangajaran-
pangajaran Musa, abdi Kami, kana
hukum-hukum jeung parentah-parentah
Kami anu ku Kami diandikakeun di Gunung
Sinai sangkan ditarurut ku sakumna urang
Israil.

⁵Tapi samemeh poena PANGERAN anu hebat
pikasieuneun tea datang, Kami rek ngutus
heula Nabi Elias.

⁶Manehna bakal ngarukunkeun deui para
bapa jeung anak-anakna. Sabab lamun
henteu kitu, nagri maraneh ku Kami bakal
dibasmi."

Matius

1 ¹Ieu daptar karuhun-karuhun Yesus Kristus turunan Daud, ari Daud turunan Ibrahim.

²(1: 2-6a) Ti Ibrahim turun-tumurun nepi ka Raja Daud kieu pareleanana: Ibrahim, Ishak, Yakub, Yuda jeung saderek-saderekna, Peres, Serah (ti ibu Tamar), Hesron, Ram, Aminadab, Nahson, Salmon, Boas (ibuna Boas nya eta Rahab), Obed, Isai, Raja Daud.

³(1: 2)

⁴(1: 2)

⁵(1: 2)

⁶(1: 6b-11) Ti Daud turun-tumurun nepi ka jaman urang Israil diboyong ka Babul kieu pareleanana: Daud ti geureuhana anu asalna garwa Uria, puputra Suleman, ti Suleman turun-tumurun: Rehabam, Abia, Asa, Yosapat, Yehoram, Usia, Yotam, Ahas, Hiskia, Menase, Amon, Yosia, Yoyakin jeung saderek-saderekna.

⁷(1: 6)

⁸(1: 6)

⁹(1: 6)

¹⁰(1: 6)

¹¹(1: 6)

¹²(1: 12-16) Ti sanggeus diboyong ka Babul nepi ka medalna Yesus, turun-tumurun ti

semet Yoyakin: Sealtiel, Serubabel, Abiud, Elyakim, Asor, Sadok, Ahim, Eliud, Elasar, Matan, Yakub, Yusup. Yusup nikah ka Mariam, Mariam ngababarkeun Yesus anu disarebut Kristus.

¹³(1:12)

¹⁴(1:12)

¹⁵(1:12)

¹⁶(1:12)

¹⁷Ti Ibrahim nepi ka Daud opat welas turunan, ti Daud nepi ka jaman dibuang ka Babul opat welas turunan, ti jaman eta nepi ka Kristus medal opat welas turunan.

¹⁸Ieu wincikan hal medalna Yesus Kristus. Ibu-Na, nya eta Mariam, tunangan sareng Yusup. Tapi memeh ditikah parantos ngandung, ari ngandungna ti Roh Suci.

¹⁹Yusup teh jelema anu salawasna taat kana hukum agama, tapi teu kersaeun ngageruhkeun kaayaan Mariam kitu, rek pegat tunangan bae rerencepan.

²⁰Sabot ngamanah-manah kitu, dina impenanana anjeunna disumpingan ku malaikat anu sasauran kieu, "Yusup, turunan Daud, ulah sieun nyokot Mariam keur pibojoeun maneh, sabab ngandungna teh ku kersana Roh Suci.

²¹Mariam bakal ngalahirkeun anak lalaki, ku maneh kudu dijenenganan Yesus sabab bakal ngabebaskeun umat-Na tina dosa-dosana."

²² Pang kajadian kitu teh supaya laksana sabda Allah anu diandikakeun ka nabi baheula, ungelna,

²³ "Hiji parawan bakal ngandung, ngowokeun putra pameget anu pijenenganeunana Immanuel" (hartina "Allah nyarengan ka urang").

²⁴ Sanggeus gugah, Yusup tuluy tumut kana amanat malaikat, anjeunna nikah ka Mariam.

²⁵ Tapi henteu waka sapatemon nepi ka Mariam babar, murangkalihna pameget, ku Yusup dijenengenan Yesus.

2 ¹ Yesus medalna di kota Betlehem bawahan Yudea, jaman Raja Herodes. Teu lila ti harita, aya tukang ngulik bentang ti wetan sarumping ka Yerusalem,

² mariksakeun kieu, "Ari murangkalih pirajaeun urang Yahudi anu anyar medal di mana tempatna? Bentang-Na parantos bijil di wetan. Sim kuring sadaya seja ngabakti ka Anjeunna."

³ Raja Herodes barang ngadangu hal eta teh mani ngagebeg, kitu deui jalma-jalma saeusni Yerusalem.

⁴ Anjeunna ngumpulkeun imam-imam kapala jeung guru-guru agama Yahudi, tuluy mariksakeun, "Di mana Kristus bakal medalna?"

⁵ Jawabna, "Di Betlehem bawahan Yudea. Margi kieu diseratna ku nabi:

⁶ Maneh, Betlehem di tanah Yuda, di antara kota-kota utama di Yuda, maneh lain anu pangleutikna. Sabab ti maneh pimedaleun hiji pamingpin anu bakal nungtun umat Kami Israil."

⁷ Tatamu ku Herodes disaur tuluy dipariksa rerencepan, saurna iraha eta bentang teh mimiti tembongna.

⁸ Geus kitu dipiwarang ka Betlehem bari dipesen kieu, "Papay-papay sing taliti eta murangkalih teh. Mun geus kapanggih kami bejaan, sabab kami oge rek ngabakti."

⁹ (2: 9-10) Bral tatamu arangkat. Di tengah jalan bentang anu tembong di wetan teh tembong deui. Aranjeunna kacida aratoheunana. Bentang teh maju miheulaan, reg ngarandeg lebah tempat murangkalih tea.

¹⁰ (2: 9)

¹¹ Aranjeunna lalebet ka hiji pondok. Eta murangkalih jeung Mariam ibu-Na kapanggih. Brek aranjeunna sarujud ngabarakti, tuluy ngaluarkeun kikintunanana, emas, dupa jeung emur disembahkeun, hadiah ka murangkalih.

¹² Sanggeus kitu marulih ka nagarana, jalan sejen, sabab aya wangsit ti Allah dina impenan yen ulah nepungan deui Herodes.

¹³ Samulangna tatamu, malaikat Pangeran sumping ka Yusup dina impenan, sasauran kieu, "Murangkalih teh keur diteangan ku Herodes rek dipaehan. Geura hudang,

murangkalih jeung ibu-Na ungsikeun ka Mesir. Cicing di ditu heula nepi ka ku Kami dibejaan deui."

¹⁴Yusup gugah. Peuting eta keneh murangkalih jeung ibu-Na dicandak ngalolos ka Mesir,

¹⁵sarta terus di ditu bae nepi ka Herodes pupus. Hal eta pikeun nekanan dawuhan Allah ka nabi, anu kieu tea: "Kami nyaur Putra Kami ti Mesir."

¹⁶Herodes ngaraos dibobodo ku tatamu urang wetan, pohara benduna. Seug bae nimbalan numpes sakabeh barudak leutik di Betlehem jeung sakurilingeunana, anu umurna ti dua taun ka handap, diitung ti semet mimiti tembongna bentang nurutkeun keterangan ti tatamu ka anjeunna tea.

¹⁷Ieu kajadian teh nekanan kasauran Nabi Yermia baheula, anu kieu:

¹⁸"Di Ramah aya sora jejeritan, sasambat aluk-alukan. Rahel nyeungceurikan anak-anakna, henteu beunang diupahan, sabab anakna kabeh tariwas."

¹⁹Sanggeus Herodes pupus, aya malaikat nembongan ka Yusup di Mesir dina impenan,

²⁰sasauran kieu, "Geura hudang.

Murangkalih jeung ibu-Na bawa mulang ka Israil, sabab jelema-jelema anu rek maehana-Na geus paraeh."

²¹Yusup gugah, murangkalih jeung ibu-Na dicandak mulih ka Israil.

²²Tapi ku sabab mendak beja yen raja Yudea anu ayeuna teh Arkelaus putra Herodes, anjeunna salempang upama terus ka ditu. Sanggeus meunang deui pituduh-pituduh dina impenan tuluy ngajugjug ka daerah Galilea,

²³dumuk matuh di dinya, di hiji kota ngaran Nasaret. Ku kituna tinekanan sakumaha saur nabi-nabi baheula: "Anjeunna bakal katelah Urang Nasaret."

3 ¹Mangsa eta di gurun keusik di Yudea aya anu wuwuruk, jenenganana Yohanes, Jurubaptis.

²"Geura tarobat," saurna, "sabab Karajaan Sawarga geus tereh ngadeg!"

³Yohanes teh anu baheula ku Yesaya diwejangkeun kieu: "Aya nu cumeluk di gurun keusik: Sadiakeun jalan pikeun Pangeran! Jieun jalan anu lempeng pikeun Mantenna!"

⁴Anggoan Yohanes tina bulu onta, nganggo sabuk kulit, ari tuangna simeut jeung madu leuweung.

⁵Jelema-jelema ti Yerusalem, ti sakuliah Yudea, jeung ti daerah-daerah deukeut Walungan Yordan murubul ka anjeunna.

⁶Maranehanana ngarakukeun dosa-dosana, tuluy ku anjeunna dibaptis di Walungan Yordan.

⁷Urang Parisi jeung urang Saduki oge loba anu ka darinya rek dibaptis. Tapi saur Yohanes ka maranehna, "Eh oray-oray, jarahat! Ceuk

saha aranjeun engke bisa lolos tina hukuman Allah nu bakal datang?

⁸ Tembongkeun ku lampah yen aranjeun geus tarobat.

⁹ Jeung ulah boga pangira baris lolos tina hukuman ku ngakukeun turunan Ibrahim! Kaula ngabejaan, Allah iasaeun ngadamel turunan keur Ibrahim tina ieu batu-batu!

¹⁰ Kampak geus sadia pikeun nuar tangkal katut akar-akarna. Tiap tangkal anu buahanana goreng tangtu dituar, tuluy dialungkeun kana seuneu.

¹¹ Kaula ngabaptis aranjeun teh ku cai, pikeun tanda yen aranjeun geus tarobat. Tapi anu engke sumping pandeurieun kaula, ngabaptisna teh ku Roh Suci jeung seuneu. Anjeunna leuwih agung ti batan kaula, mangjingjingkeun tarumpah-Na ge kaula geus teu layak.

¹² Panangana-Na nyepeng nyiru rek napi. Gandum anu geus beresih dikaleuitkeun, huutna diduruk, seuneuna moal pareum-pareum."

¹³ Yesus ti Galilea sumping ka Walungan Yordan, mundut dibaptis ka Yohanes.

¹⁴ Ku Yohanes diwagel, saurna, "Kedahna sim kuring anu dibaptis ku Anjeun, ieu malah Anjeun anu mundut!"

¹⁵ Waler Yesus, "Keun bae ayeuna mah. Ku kieu teh urang ngalampahkeun nu jadi pangersa Allah." Yohanes ngiringan.

¹⁶Sanggeus beres dibaptisna, Yesus timbul ti jero cai. Bray sapada harita keneh langit muka palebah Anjeunna, sarta Anjeunna ningali Roh Allah lungsur siga manuk japati, terus eunteup ka Anjeunna.

¹⁷Tuluy aya soara ti langit, ungelna, "Ieu teh Putra kaasih Kami, anu kamanah ku Kami!"

4 ¹Ti dinya Yesus dicandak ku Roh ka gurun keusik, sina digoda ku Iblis.

²Sanggeus opat puluh poe opat puluh peuting teu barangtuang, Yesus ngaraos lapar.

³Jol Iblis nyampeurkeun, ngagoda, "Anjeun teh Putra Allah? Coba eta batu-batu jadikeun roti."

⁴Tapi waler Yesus, "Aya dawuhan dina Kitab Suci: Jelema hirupna lain ku roti bae, perlu deuih ku tiap-tiap sabda anu diandikakeun ku Allah."

⁵Ti dinya Yesus ku Iblis dibawa ka Bait Allah, ka puncak pangluhurna, di kota suci Yerusalem.

⁶Ceuk Iblis ka Yesus, "Lamun Anjeun Putra Allah, coba geura ngaragragkeun maneh. Sabab ceuk Kitab Suci: Allah bakal miwarang para malaikat-Na, sina nyanggap ka Anjeun, sangkan ulah kungsi tigasruk kana batu."

⁷Waler Yesus, "Tapi ceuk Kitab Suci: Maneh ulah ngadoja ka Pangeran Allah maneh."

⁸ Yesus ku Iblis dibawa ka hiji gunung kacida luhurna, ditembongan karajaan-karajaan saalam dunya jeung sagala kaagunganana.

⁹ Ceuk Iblis, "Eta kabeh rek diserenkeun ka Anjeun, asal daek sujud nyembah ka kaula."

¹⁰ Ku Yesus diwaler, "Geura nyingkah, Iblis! Kieu ceuk Kitab Suci: Maneh kudu nyembah ka Pangeran, Allah maneh. Ngan Mantenna anu kudu dibakti!"

¹¹ Iblis nyingkah ti Yesus. Geus kitu sarumping malaikat ngalalayanan ka Yesus.

¹² Yesus ngadangu warta yen Yohanes dipanjara. Anjeunna terus nyilib ka Galilea.

¹³ Linggihna lain di Nasaret, tapi di Kapernaum, sisi Talaga Galilea, wewengkon tanah Sebulun jeung tanah Naptali.

¹⁴ Tinekanan anu baheula diucapkeun ku Nabi Yesaya:

¹⁵ "Tanah Sebulun, tanah Naptali, di jalan anu ka laut, peuntaseun Walungan Yordan, Galilea, tanahna jalma-jalma nu lain urang Yahudi!

¹⁶ Jalma-jalma nu caricing di nu poek bakal narenjo cahaya hibar. Nu caricing di tanah anu kapoekan ku ajal bakal katojo ku eta cahaya."

¹⁷ Ti semet eta Yesus mimiti ngahutbahkeun amanat-Na, "Geura tarobat tina dosa, sabab Karajaan Sawarga geus meh ngadeg!"

¹⁸ Waktu keur angkat mapay Talaga Galilea, Anjeunna ningali dua jelema keur ngala

lauk ku heurap, ngaranna Simon (katelahna Petrus) jeung Andreas, adina.

¹⁹ Ku Anjeunna disaur, "Hayu, milu ka Kami. Engke ku Kami diajar ngala jelema."

²⁰ Harita keneh maranehna milu ka Yesus, heurapna ditarunggalkeun.

²¹ Yesus angkat deui ti dinya, tuluy ningali deui dua jelema adi lanceuk ngaranna Yakobus jeung Yohanes, anak Sebedeus, keur ngomean heurap jeung bapana dina parahu. Ku Yesus disaur,

²² seug marilu harita keneh, parahu jeung bapana ditinggalkeun.

²³ Yesus ngider ka sakuliah Galilea, hutbah di imah-imah ibadah, ngawulangkeun Injil Kasalametan ngeunaan Karajaan Sawarga, nyageur-nyageurkeun anu garering jeung rupa-rupa kasakit.

²⁴ Beja perkara Anjeunna sumebar nepi ka sakuliah nagri Siria. Jelema-jelema murubul ka Anjeunna marawa anu garering, anu nandangan rupa-rupa kasakit, anu nandangan musibat, nu kasurupan, nu sakalor, jeung nu lumpuh. Kabeh ku Anjeunna dicalageurkeun.

²⁵ Jelema-jelema ngaleut ngariring ka Anjeunna ti Yerusalem, ti Dekapolis, ti Yudea, jeung ti peuntaseun Walungan Yordan.

5¹ Ningali rea nu ngiring Yesus naek ka gunung. Sanggeus calik jeung diriung ku murid-murid,

² tuluy ngawulang:

³"Bagja jelema anu ngarasa jiwana miskin,
sarta ngaharep ngan ka Allah wungkul;
Karajaan Sawarga teh eukeurna!

⁴Bagja jelema anu sedih prihatin, ku Allah
bakal dililipur!

⁵Bagja jelema nu rendah hate, bakal narima
sagala anu dijangjikeun ku Allah!

⁶Bagja jelema anu kacida hayangna kana
ngalampahkeun pangersa-pangersa Allah, ku
Allah bakal disugemakeun!

⁷Bagja jelema nu karunyaan, ku Allah bakal
dipikawelas!

⁸Bagja jelema anu hatena mulus beresih,
sabab bakal wawuh ka Allah!

⁹Bagja jelema anu resep ngupayakeun
karukunan, ku Allah bakal diangken putra!

¹⁰Bagja jelema anu dikaniaya ku sabab
ngalakonan pangersa Allah, Karajaan
Sawarga teh eukeurna!

¹¹Bagja maraneh lamun dihina-hina,
diteungteuinganan, diomongkeun jeung
digogoreng dumeh anut ka Kami.

¹²Lamun dikitu-kitu sing bagja, sing bungah,
sabab geus aya piganjaraneunana anu gede
di sawarga. Nabi-nabi anu hirup beh ditueun
maraneh oge dikaniaya teh kitu."

¹³"Maraneh di dunya teh minangka uyah.
Tapi lamun uyah leungit asinna, pamohalan
bisa diasinkeun deui, geus taya gunana, iwal
ti dipiceun, katincakan ku jelema.

¹⁴ Maraneh di dunya teh minangka caang. Kota anu ngadeg di luhur pasir moal bisa dibunian.

¹⁵ Moal aya anu nyeungeut lampu tuluy dituruban ku gentong, tangtu diteundeun dina parantina, sangkan nyaangan ka sakur nu di imah.

¹⁶ Caang maraneh ge kudu mencar ka sarerea, sangkan dipiconto kalakuan maraneh nu hade, supaya batur teh ngamulyakeun ka Rama maraneh nu jumeneng di sawarga."

¹⁷ "Ulah nyangka yen Kami datang teh rek ngeuweuhkeun Hukum Musa jeung pangajaran nabi-nabi. Pang Kami datang teh malah rek ngalaksanakeun eta, jeung rek nuduhkeun hartina nu saenyana.

¹⁸ Inget, sapanjang aya keneh langit jeung bumi, moal aya babagian tina eta Hukum anu dieuweuhkeun, najan anu pangleutikna atawa ngan satitik, nepi ka sakabeh tujuanana laksana.

¹⁹ Ku hal eta, anu ngarempak salah sahiji parentahna najan anu teu pira, sarta ngajar kitu ka nu sejen, di Karajaan Sawarga bakal jadi anu panglaipna. Sabalikna, anu ngalaksanakeun parentahna tur ngajar kitu ka nu sejen, di Karajaan Sawarga bakal jadi warga penting.

²⁰ Anu matak Kami ngabejaan, lamun hayang jadi warga Karajaan Sawarga kudu

satia kana pangersa Allah leuwih ti batan guru-guru agama atawa urang Parisi."

²¹ "Maraneh geus ngadenge yen jalma-jalma baheula meunang timbalan kieu: Ulah maehan. Anu maehan kudu dihukum.

²² Ayeuna ceuk Kami, anu ngambek ka batur kudu dihukum. Nyarekan nyebut Si Belegug kudu dibawa ka Majelis Agama. Nyarekan nyebut Si Burung manjing siksa seuneu naraka.

²³ Ku sabab kitu, lamun maraneh rek nyanggakeun kurban ka Allah dina altar, tuluy inget yen aya anu nyerieun hate ka maraneh,

²⁴ tunda heula pikurbaneun teh hareupeun altar, buru-buru indit menta hampura heula, geus kitu kakara balik deui neruskeun ngurban.

²⁵ Lamun maraneh aya anu merkarakeun ka pangadilan, satungtung bisa keneh mah menta dibeberes di luar pangadilan bae. Sabab ari geus ka pangadilan mah diputusna ku hakim, dikapulisikeun, dipanjara.

²⁶ Jeung pasti moal kaluar-luar satungtung can lunas hutang salahna."

²⁷ "Maraneh geus ngadenge yen aya timbalan kieu: Ulah ngaranyed.

²⁸ Ayeuna ceuk Kami, lalaki anu melong ka awewe bawaning ku bogoh, hatena geus ngaranyed.

²⁹ Nu matak lamun panon katuhu pidosaeun, cokel, piceun! Mending lapur panon hiji tinimbang sakujur awak dipiceun ka naraka.

³⁰ Lamun leungeun katuhu pidosaeun, teukteuk, piceun! Mending lapur leungeun hiji tinimbang awak sakujur nyemplung ka naraka."

³¹ "Aya deui kieu: Anu nyerahkeun pamajikan kudu mere surat talak.

³² Ayeuna ceuk Kami, lalaki anu nyerahkeun pamajikan lain ku sabab pamajikanana nyelewer, sarua jeung ngalantarankeun awewena ngaranyed. Lamun awewena kawin deui ka nu sejen, lalaki anu ngawinna oge kaasup ngaranyed."

³³ "Maraneh geus ngadenge oge yen jalma-jalma baheula ditimbalan kieu: Ulah mungkir jangji. Jangji anu make sumpah ka Pangeran kudu ditedunan.

³⁴ Ayeuna ceuk Kami, ari jangji ulah make sumpah. Ulah sumpah nyebut demi langit, sabab langit teh tahta Allah.

³⁵ Ulah sumpah nyebut demi bumi, sabab bumi teh jojodog sampeana-Na. Ulah sumpah demi Yerusalem sabab eta teh hiji kota Raja Agung.

³⁶ Jeung ulah sumpah demi sirah maneh, sabab maraneh teu bisa ngabodaskeun atawa ngahideungkeun buukna salambar-lambar acan.

³⁷ Sebutkeun bae Enya atawa Henteu. Leuwih ti kitu mah asalna ti Iblis."

³⁸ "Aya deui timbalan: Mata bayar mata, huntu bayar huntu.

³⁹ Ayeuna ceuk Kami, ulah ngabales ka nu jahat ka maraneh. Lamun aya jalma nampiling pipi maneh nu katuhu, keun bae najan rek nampiling deui ka nu beulah kenza oge.

⁴⁰ Lamun aya jalma ngadukeun maraneh ka hakim sarta menta ganti rugi ku baju maraneh, bikeun bae jeung jubahna.

⁴¹ Lamun aya jalma ti hiji pasukan tentara maksa ka maraneh nitah mangmawakeun barangna sakilometer, turutkeun dua kilometer.

⁴² Nu barangpenta kudu dibere, nu hayangeun nginjeum kudu dibere nginjeum."

⁴³ "Maraneh geus ngadenge yen aya timbalan kieu: Kudu nyaah ka pada batur. Musuh kudu dipikageuleuh.

⁴⁴ Ayeuna ceuk Kami, ka musuh ge kudu nyaah, ka nu neungteuinganan kudu ngadoakeun,

⁴⁵ supaya maraneh diangken putra ku Rama nu di sawarga. Mantenna mah ka nu jahat, ka nu bageur, ka nu bener, ka nu teu bener, sarua bae maparin hujan maparin panas.

⁴⁶ Ari nyaah ngan ka nu mikanyaah bae mah atuh lampah maraneh teh naon anu pantes

dibales ku Pangeran? Nyaah ka nu nyaahneun mah tukang mulung pajeg oge osok.

⁴⁷ Daek someah ka babaturan wungkul mah naon luar biasana? Nu teu nyarahoeun ka Allah ge semet kitu mah geus biasa.

⁴⁸ Maraneh mah kudu sing sampurna, sakumaha Rama maraneh nu di sawarga sampurna."

6 ¹"Dina ngalakonan anu diwajibkeun ku agama, kade ulah nyiri-nyirikeun maneh. Sabab lamun kitu maraneh moal meunang ganjaran naon-naon ti Rama maraneh nu di sawarga.

² Mere sidekah ka nu miskin ulah ditembong-tembong ka batur. Ulah cara anu marunapek sok karitu di tempat ngabakti atawa di jalan, hayang katangar balabah ngarah dipuji. Tah eta ganjaran maranehna mah, sakitu-kituna.

³ Jadi ari nulung ka nu miskin teh sing rikip, batur anu dalit ge ulah nyahoeun.

⁴ Ulah hayang kanyahoan ku batur. Sabab najan rikip ge pitulung maraneh teh ku Rama nu di sawarga mah kauninga, sarta Mantenna baris ngaganjar."

⁵ "Ari neneda ulah cara jalma tukang pura-pura! Maranehna ngadoana teh resep ngabedega di tempat babakti atawa di pepengkolan, ngarah katembong ku batur. Tah eta ganjaran maranehna mah, sakitu-kituna.

⁶Maraneh mah mun rek neneda kudu di kamar, pantona rekepkeun, tujukeun paneda ka Rama maraneh nu teu katenjo. Sanajan dilampahkeun di tempat rikip ge ku Mantenna kauninga sarta tangtu diganjar.

⁷Teu kudu panjang loba ucapan nu teu perlu kawas lain umat Allah. Panyanana lamun sembahyangna panjang tangtu dimakbul.

⁸Maraneh mah ulah kitu. Samemeh diunjukkeun ge Rama maraneh mah geus uningaeun naon anu rek dipenta ku maraneh.

⁹Jadi kieu bae unjukan teh: Nun Ama di sawarga. Mugi jenengan Ama nu suci dimulyakeun.

¹⁰Karajaan Ama mugi rawuh. Pangersa Ama mugi laksana di dunya, sapertos di sawarga.

¹¹Mugi abdi dinten ieu dipaparin tedaean nu picekapeun.

¹²Sareng hapunten kalelepatan abdi, sakumaha abdi oge parantos ngahapunten ka nu gaduh kalelepatan ka abdi.

¹³Mugi abdi ulah diterapan cocoba anu abot, sawangsulna mugi di salametkeun ti panggoda Iblis. [Wirehi nya Ama nu jumeneng Raja, kawasa sareng mulya, salalanggengna. Amin.]

¹⁴Lamun maraneh ngahampura kasalahan batur, kasalahan maraneh ge ku Rama di sawarga tangtu dihampura.

¹⁵ Lamun maraneh henteu ngahampura kasalahan batur, kasalahan maraneh ge ku Rama nu di sawarga moal dihampura."

¹⁶ "Jeung ari keur puasa ulah nyaleuy-nyaleuy beungeut kawas anu marunapek, paruasana teh nyiri-nyirikeun maneh ngarah kanyahoan puasa. Nya anu jadi ganjaranana oge eta, sakitu-kituna.

¹⁷ Maraneh mah ari keur puasa anggur kudu sibeungeut, buuk sisiran sing luis,

¹⁸ ngarah ulah kaciri ku batur yen keur puasa, sina kauninga ku Rama maraneh bae wungkul nu teu katenjo. Mantenna tangtu ngaganjar, da uningaeun sanajan puasana ngaririkip maneh oge."

¹⁹ "Di dunya ulah numpuk-numpuk harta banda keur sorangan. Barang dunya mah bisa ruksak ku rinyuh jeung taihiang, atawa beak dibongkar bangsat.

²⁰ Kudu ngumpulkeun teh harta pikeun maneh di sawarga, anu moal dihakan rinyuh, moal taihiangan, moal aya nu ngabangsat.

²¹ Sabab di mana bae ayana harta maneh nya di dinya nempelna hate maneh."

²² "Panon teh minangka lampu awak. Lamun panon cekas, sakujur awak ngempray caang,

²³ tapi lamun panon surem, sakujur awak tangtu poek. Jadi lamun lampu awak teh poek, tada teuing poekna awak teh!"

²⁴ "Moal aya anu bisa ngawula ka dua dunungan, sabab nyaahna ngan bisa ka

saurang, moal bisa ka duanana. Satiana oge ngan ka saurang, ka nu saurang deui mah malah jengkel. Maraneh oge kitu, moal bisa ngabdi ka Allah bari ngawula kana duit.

²⁵ Nu matak Kami ngingetan, hirup teh ulah salempang sieun teu manggih dahareun atawa inumeun, ulah salempang awak teu kabajuan. Hirup teh lain leuwih ti batan dahareun, awak leuwih penting ti batan papakean?

²⁶ Awaskeun tuh manuk anu keur hihiberan. Tara pepelakan, tara dibuat, tara nyimpen, geuning ku Rama maraneh nu di sawarga diurus! Maraneh teh lain leuwih luhur pangaji ti batan manuk?

²⁷ Na bisa maraneh manjangkeun umur saeutik mah ku kasalempang?

²⁸ Jeung naha kudu salempang sieun teu make? Tenjo tuh! Kembang bakung anu jaradi sorangan di tegal: teu digarawe, teu nyarieun pakean.

²⁹ Tapi sanajan kitu, Raja Suleman anu sakitu beungharna ge panganggona henteu sakitu alusna kawas eta kekembangan.

³⁰ Jukut di tegal, anu poe ieu jadi poe isukna geus diduruk, ku Allah didangdanan mani alus. Atuh komo deui maraneh, moal teu dipaparin pakean! Ulah sok kurang percaya!

³¹ Ulah salempang, jeung ulah humandeuar, Kumaha lamun teu manggih dahareun atawa

inumeun! Atawa, Kumaha lamun nepi ka teu boga baju-baju acan!

³²(Humandeuar teh kabiasaan jelema-jelema anu teu percaya ka Allah.) Rama maraneh nu di sawarga uningaeun yen maraneh perlu dahar, perlu nginum, perlu make.

³³Upayakeun heula diri tunduk kana parentah jeung pangersa Allah. Sagala kaperluan maraneh mah tangtu ku Mantenna dipaparin.

³⁴Jadi ulah salempang kumaha isukan. Kasusah mah poe ieu ge loba, ulah ditambah deui ku mikiran poe isuk."

7 ¹"Ulah ngahukuman batur, supaya maraneh ulah dihukuman ku Allah.

²Sabab sakumaha maraneh ngahukuman ka batur, nya kitu keneh, maraneh ge bakal dihukumanana ku Allah. Lamun maraneh ngukur kitu ka batur, maraneh ge bakal diukur kitu ku Allah.

³Ku naon nelek-nelek tatal dina panon dulur, ari balok dina panon sorangan diantep?

⁴Kumaha rek wani ngomong ka dulur maraneh, Cing, eta tatal dina panon urang pangnyabutkeun ku kuring, padahal dina panon sorangan aya balok?

⁵Eh nu marunapek! Piceun heula balok tina panon sorangan, kakara bisa awas mangnyabutkeun tatal tina panon dulur maraneh.

⁶ Ulah mikeun barang suci ka anjing, supaya anjingna ulah malik ngarontok ka maneh. Ulah mikeun mutiara ka bagong, sabab tangtu eta mutiara bakal diidek-idek."

⁷ "Kudu menta, tangtu bakal nampa, kudu neangan, tangtu bakal manggih, kudu ngetrokan, tangtu dibuka pantona.

⁸ Sabab nu menta tangtu dibere, nu neangan tangtu manggih, nu ngetrok panto tangtu dipangmukakeun.

⁹ Di antara bapa-bapa di dieu, aya anu kalah ka mere batu lamun anakna menta roti?

¹⁰ Atawa lamun anakna menta lauk kalah ka dibere oray?

¹¹ Sakumaha jahatna maraneh, ka anak mah tangtu merelukeun mere anu mangpaat. Komo deui Rama maraneh nu di sawarga, moal teu maparin nu mangpaat ka nu nyuhunkeun ka Mantenna!

¹² Jieun kahadean ka batur, sakumaha maraneh oge hayang meunang kahadean ti batur. Kitu maksudna Hukum Musa jeung piwuruk nabi-nabi teh."

¹³ "Kudu milih asup kana lawang nu sempit. Sabab lawang anu rubak mah brasna ka naraka, jalan ka dinya gampang, nu matak loba anu ka darinya.

¹⁴ Sabalikna lawang nu sempit mah lawang kana pihirupeun. Jalanna memang hese, nu matak anu ka darinya mah ngan saeutik."

15 "Sing awas ka nabi-nabi palsu! Datangna ka maraneh make ulat domba, tapi hatena mah hate ajag.

16 Maraneh baris nyaho ka maranehna tina tingkah lakuna. Rungkun cucuk moal buahan anggur, tangkal cucuk moal buahan kondang.

17 Tangkal alus buahanana tangtu alus, tangkal goreng buahanana tangtu goreng.

18 Mun tangkalna sehat buahanana moal goreng, mun tangkalna goreng buahanana moal alus.

19 Tangkal nu goreng buahanana tangtu dituar tuluy dialungkeun kana seuneu.

20 Jadi nyirikeun nabi-nabi palsu teh tina tingkah lakuna."

21 "Lain anu ngan semet nyambat ka Kami: Gusti, Gusti! anu bakal asup ka sawarga teh, tapi anu ngalampahkeun pangersa Ama Kami nu di sawarga.

22 Dina Poe Kiamat loba nu bakal ngaromong ka Kami, Gusti, Gusti! Ku pajenengan Gusti abdi parantos ngadongkapkeun amanat Allah. Ku pajenengan Gusti abdi nundung setan-setan sareng ngayakeun mujijat-mujijat!

23 Ku Kami bakal diwalon, Kami teu wawuh ka maraneh. Geura nyalingkir, eh durjana-durjana!"

24 "Jadi, anu ngabandungan ieu piwulang Kami jeung terus ngalampahkeunana, eta

ibarat jelema pinter anu nyieun imah dina luhur batu.

²⁵Imahna katinggang hujan gede, kateumbrag walungan caah, katebak ku angin ribut, tapi teu daekeun rugrug sabab ngadegna dina luhur batu.

²⁶Sabalikna anu ngadenge ieu piwulang tapi henteu ngalampahkeun, eta ibarat jelema teu boga pikiran nu ngadegkeun imah dina luhur keusik.

²⁷Katinggang hujan gede, kateumbrag walungan caah, katebak ku angin ribut, brug imahna runtuh. Ruksakna kacida!"

²⁸Yesus liren nyariosna. Jalma-jalma mani harookeun ku carana Anjeunna ngawulang.

²⁹Beda ti guru-guru agama maranehna, Anjeunna mah ngajarna teh pinuh wibawa.

8 ¹Yesus lungsur ti gunung dituturkeun ku jalma rea.

²Jol aya jelema anu nandangan kasakit lepra datang ka Anjeunna, sujud ka payuneuna-Na tuluy unjukan kieu, "Juragan, manawi kersa Juragan iasa nyageurkeun abdi."

³Yesus ngantelkeun panangana-Na ka manehna, tuluy misaur, "Heug, geura cageur!" Harita keneh kasakit eta jelema teh cageur.

⁴Saur Yesus deui ka manehna, "Kade, ulah cacarita ka saha-saha! Terus ka imam bae menta dipariksa, tuluy nyanggakeun kurban anu diparentahkeun ku Musa, pikeun

ngabuktikeun ka nu sejen yen maneh geus cageur."

⁵ Barang Yesus sumping ka Kapernaum, aya hiji perwira bangsa Rum datang ka Anjeunna menta tulung, pokna,

⁶ "Juragan, gandek sim kuring di rorompok udur repot, parantos teu tiasa walakaya, kalintang nandanganana."

⁷ "Heug urang cageurkeun, Kaula rek ka ditu," waler Yesus.

⁸ Tapi ceuk eta perwira, "Ulah ka ditu, Juragan! Isin temen abdi kasumpingan. Saurkeun ti dieu bae, tangtos pun gandek teh tiasa cageur.

⁹ Abdi oge nu jadi bawahan saluhureun, upami nitah, Indit! ka hiji prajurit, tangtos eta prajurit indit. Upami sanggem abdi, Ka dieu! tangtos nyampeurkeun. Upami sanggem abdi ka gandek, Ieu pigawe! tangtos dipigawe."

¹⁰ Ngadangu kitu Yesus kacida katarikna, tuluy nyarios ka anu ngariring, "Ieu jelema kacida percayaeunana. Di Israil ge Kami can manggih nu kawas ieu.

¹¹ Kami bisa mastikeun, loba nu bakal daratang ti wetan ti kulon, milu pesta suka-suka di sawarga jeung Ibrahim, Ishak, jeung Yakub.

¹² Sabalikna jelema-jelema anu kuduna jaradi warga sawarga bakal dijarongklokkeun ka tempat nu poek, careurik di dinya sarta huntuna tingkereket."

¹³Ti dinya saurna ka eta perwira, "Geura mulang. Hal anu ku anjeun dipercaya tangtu laksana." Harita keneh ge gandekna nu keur gering di imah teh cageur.

¹⁴Yesus terus ka imah Petrus. Ibu mertua Petrus harita keur ngedeng bae di enggon, muriang.

¹⁵Ku Yesus dicepeng leungeunna, seug muriangna cageur tuluy hudang ngalalayanan ka Anjeunna.

¹⁶Ka sorenakeun loba anu marawa jelema-jelema anu kasurupan setan ka Yesus. Ngan ku sakecap roh-roh jahatna ku Yesus diusir kalaluar. Kitu deui anu garering kabeh dicalageurkeun.

¹⁷Pang Anjeunna midamel kitu teh ngalaksanakeun ucapan Nabi Yesaya baheula anu kieu, "Anjeunna ngangkat sagala panyakit jeung kasakit urang."

¹⁸Ku Yesus katingalieun di sakurilingeun Anjeunna loba jelema. Seug ngajak murid-murid meuntasan talaga ka peuntas ditu.

¹⁹Hol aya nu datang ka Anjeunna, hiji guru agama. "Pa Guru," carekna, "abdi bade ngiring ka mana bae Pa Guru angkat."

²⁰Waler Yesus, "Careuh baroga liang, manuk baroga sayang, ari Putra Manusa mah teu boga tempat keur ngedeng-ngedeng acan."

²¹ Tuluy salah saurang anu kaasup murid unjukan, "Pa, permios wangsul heula bade nguburkeun pun bapa."

²² Tapi ku Yesus diwaler kieu, "Tuturkeun Kami terus. Keun nu maot mah sina nguburkeun nu maotna sorangan."

²³ Yesus tuluy naek kana parahu jeung murid-murid-Na.

²⁴ Sabot Yesus keur kulem, gelebug aya angin ribut nebak talaga, nepi ka parahu meh tibalik.

²⁵ Yesus ku murid-murid-Na digugahkeun, "Gusti tulungan! Abdi-abdi bade tiwas!"

²⁶ "Ku naon sarieun? Ku naon kurang percaya ka Kami?" saur Yesus. Anjeunna tuluy ngadeg, angin jeung ombak diparentah sina eureun. Jep bae eureun, talaga jadi kacida ayemna.

²⁷ Murid-murid-Na aroloholok. "Jelema naon Guru urang teh?" ceuk maranehna. "Bet angin jeung ombak ge datang ka nurut ka Anjeunna!"

²⁸ Sumping ka peuntas ditu, di wewengkon Gadara, Yesus papapag jeung dua jelema anu diraksuk ku setan, jolna ti astana. Duanana kacida garalakna, nepi ka taya nu wani ngalanto ka lebah dinya.

²⁹ Eta dua jelema ngagorowok, "Rek naon ka kuring, eh Putra Allah? Naha geus rek nyiksa ka kuring samemeh cunduk waktu?"

³⁰ Teu jauh ti dinya aya babi sabubuhan keur nareangan hakaneun.

³¹ Setan-setan teh nunuhun ka Yesus, pokna, "Lamun kuring sarerea rek diusir kaluar, idinan nyurup ka itu babi-babi."

³² "Jig," waler Yesus. Ti dinya setan-setan teh nyarurup ka eta babi-babi. Seug babi-babi teh lalumpatan ka sisi gawir, brus laluncatan ka talaga tuluy tingkerelep.

³³ Tukang-tukang ngangonna lalumpatan ka jero kota, hariweusweus nyaritakeun kajadian anu kaalaman ku dua jelema anu diraksuk ku setan tea.

³⁴ Ti dinya urang kota eta budal manggihan ka Yesus, tuluy ngadesek supaya Anjeunna ngantunkeun daerah maranehna.

9 ¹ Yesus naek deui kana parahu tuluy meuntas, mulih ka lembur-Na ku anjeun.

² Sanggeus sumping, aya anu lumpuh dibawa ka Anjeunna, digotong dina bale-bale. Jelema-jelema teh ku Anjeunna dipeleng, katingali yen kacida palercayaeunana ka Anjeunna. Seug Anjeunna ngadawuh ka eta nu lumpuh, "Sing gede hate anaking! Dosa-dosa hidep geus dihampura."

³ Di dinya aya guru-guru agama sababaraha urang, ngaromong dina hatena, "Eta jelema teh mapadani ka Allah!"

⁴ Yesus uningaeun kana pikiran maranehna, tuluy sasauran, "Ku naon pikiran aranjeun sakitu gorengna?"

⁵ Babari mana nyebutkeunana, Dosa-dosa hidep dihampura, atawa, Geura hudang tuluy leumpang?

⁶ Tapi ayeuna ku Kaula rek dibuktikeun yen Putra Manusa teh di ieu dunya kawasa ngahampura dosa." Ti dinya Anjeunna ngadawuh ka nu lumpuh tea, "Geura hudang, bale-balena angkat, jung geura balik!"

⁷ Jung nu lumpuh teh nangtung, tuluy balik.

⁸ Anu nyarakshan jadi sarieuneun, tapi tuluy maruji ka Allah reh Mantenna geus maparin kawasa kitu ka manusa.

⁹ Yesus angkat ti dinya. Sabot angkat ningali tukang mulung pajeg, ngaranna Mateus, keur diuk di kantorna. Ku Anjeunna diajakan, "Hayu milu ka Kami!" Mateus jung nangtung, tuluy nuturkeun Yesus.

¹⁰ Sabot Yesus keur tuang di imah Mateus, loba tukang mulung pajeg jeung jelema-jelema anu dianggap jelema goreng daratang ka imah Mateus, marilu dahar jeung Yesus jeung murid-murid-Na.

¹¹ Urang Parisi narenjoeun tuluy nanya ka murid-murid Yesus, "Naha guru maraneh tuang jeung jelema-jelema kitu?"

¹² Yesus ngadangueun tuluy ngalahir, "Anu perlu doktor teh anu garering, nu calageur mah teu perlueun.

¹³ Mangga lenyepan pihartieunana ayat Kitab Suci anu kieu: Anu dipundut ku Kami teh watek welas asih, lain sato kurban.

Kaula datang lain rek neangan jelema anu marulya, tapi rek neangan jelema-jelema nu diaranggap hina."

¹⁴Tuluy aya panganut-panganut Yohanes Jurubaptis daratang ka Yesus, naranya kieu, "Abdi-abdi sareng urang Parisi sering puasa. Naha Bapa sareng murid-murid mah tara puasa?"

¹⁵Waler Yesus, "Kumaha ceuk aranjeun, naha layak tamu-tamu ngaruyung lamun reureujeungan keneh jeung ki panganten dina pesta? Tangtu moal! Paruasana teh engke lamun ki panganten geus waktuna dipisahkeun ti maranehna.

¹⁶Moal aya anu nambal baju heubeul ku lawon anyar, sabab lamun lawon anyarna murengked, nu heubeulna kabenyeng, soehna ngagedean.

¹⁷Moal aya anu ngeusikeun anggur anyar kana kantong kulit anu geus heubeul, sabab tangtu bedah, anggurna kapiceun. Anggur anyar wadahna ge kudu anyar supaya boh wadahna boh eusina tetep hade."

¹⁸Sabot Yesus sasauran kitu, aya hiji pamingpin tempat ibadah datang ka Anjeunna terus deku ka payuneuna-Na, pok unjukan, "Pun anak awewe nembe pisan tilar dunya. Mugi Bapa ka ditu numpangkeun panangan, tangtos pun anak hirup deui."

¹⁹Yesus angkat jeung eta kapala, diiring ku murid-murid.

²⁰ Di satengahing jalan aya hiji awewe anu boga kasakit haid, ngagetih terus geus dua welas taun, nyelendep ka pungkureun Yesus.

²¹ Ceuk pamikirna, "Asal nyabak bae kana tungtung jubah-Na tangtu aing cageur." Tuluy manehna nyabak tungtung jubah Yesus.

²² Ku Yesus dilieuk. Anjeunna tuluy ngalahir, "Sing gede hate, anaking! Hidep geus cageur, sabab percaya."

²³ Yesus geus sumping ka imah pamingpin tea. Barang ningali aya tukang-tukang musik paranti kapapaten sarta jalma-jalma rame rarecok,

²⁴ Anjeunna ngalahir, "Kalaluar sarerea! Budak teh keur sare, lain maot!" Jelema-jelema teh nyaleungseurikeun Anjeunna.

²⁵ Sanggeus kabeh kalaluar, Yesus lebet ka kamar budak. Leungeun budak teh dicepeng. Budakna ngulisik tuluy hudang.

²⁶ Bejana tuluy nerekab ka sakuliahna.

²⁷ Yesus angkat deui ti dinya. Di jalan aya nu lolong duaan nutur-nutur, tuluy gegeroan ka Anjeunna, "Putra Daud! Sing hawatos ka abdi!"

²⁸ Barang Yesus lebet ka hiji imah, nu lolong teh nyalampeurkeun. Ku Anjeunna dipariksa, "Maraneh percaya yen Kami bisa nyageurkeun?" "Sumuhun percanten," tembalna.

²⁹ Panonna ku Yesus dicabak, bari saur-Na, "Ku sabab maraneh percaya, heug kahayang maraneh dimakbul!"

³⁰ Harita keneh panon maranehna jadi sehat. Ku Yesus dipesen, saur-Na, "Kade ulah cacarita ka saha-saha!"

³¹ Tapi eta dua jelema teh tuluy nyebarnyebar beja perkara Yesus ka sakuliahna.

³² Sanggeus jelema anu duaan tadi arindit, aya deui anu daratang ka Yesus, mawa hiji jelema anu ngabigeu teu bisa ngomong lantaran diraksuk ku hiji roh jahat.

³³ Roh jahatna ku Yesus dikaluarkeun, tuluy jelemana mimiti bisa ngomong. Nu nyarakianana kabeh barengong. Seug ngaromong, "Kakara manggih di Israil kajadian nu sakieu ajaibna!"

³⁴ Tapi ari ceuk urang Parisi mah, "Manehna bisaeun ngaluuarkeun eta roh jahat teh lantaran meunang kawasa ti gegedug roh jahat."

³⁵ Yesus ngider nyumpingan kota-kota jeung desa-desa, ngawulang di imah-imah ibadah, nyiarkeun Injil Kasalametan tina hal Karajaan Allah, jeung nyageur-nyageurkeun anu garering jeung rupa-rupa kasakit.

³⁶ Manahna kacida ngahelasna ningali jelema-jelema anu pinuh ku kabingung jeung katalimbeng lir domba nu taya pangangonna.

³⁷ Seug ngalahir ka murid-murid, "Pibuateun lega, ari nu dibuatna ngan saeutik.

³⁸Ku sabab eta kudu nyuhunkeun ka anu kagungan eta pibuateun, supaya Mantenna ngirim jelema-jelema anu bakal mibuatana." "

10¹ Yesus ngumpulkeun murid-murid-Na anu dua welas urang, tuluy dipaparin kawasa pikeun ngusir roh-roh jahat, pikeun nyageurkeun anu garering jeung rupa-rupa kasakit.

²Murid-murid nu dijadikeun rasul nya eta: Simon (anu disebut oge Petrus) jeung Andreas dulurna; Yakobus jeung Yohanes, anak bapa Sebedeus;

³Pilipus jeung Bartolomeus; Tomas jeung Mateus tukang mulung pajeg tea; Yakobus bin Alpeus jeung Tadeus;

⁴Simon Ki Patriot, jeung Yudas Iskariot anu engkena ngahianat Yesus.

⁵Eta dua welas rasul ku Yesus tuluy diutus. Memeh bral, dibere pituduh kieu, "Ulah asup ka daerah-daerah anu dicicingan ku nu lain bangsa Yahudi. Kota-kota Samaria oge ulah diasupan.

⁶Anu kudu didatangan teh urang Israil, utamana pisan mah anu salalasar.

⁷Embarkeun yen Karajaan Sawarga geus meh ngadeg!

⁸Anu garering cageurkeun, anu paraeh hirupkeun deui, anu lepra waluyakeun, anu kasurupan roh jahat kaluarkeun roh jahatna. Maraneh meunang ieu kawasa teh teu kudu

mayar. Kudu dipake nulungan nu sejen, ulah menta bayaran.

⁹Arindit teh ulah mekel emas, perak, atawa uang tambaga.

¹⁰Ulah mawa kantong sidekah, ulah mawa pisalin, ulah mawa tarumpah, ulah mawa iteuk. Sabab nu digawe mah geus kuduna dicukupan kaperluanana.

¹¹Lamun datang ka hiji kota atawa desa, teangan nu daekeun dianjrek, seug nganjrek di dinya nepi ka waktuna indit deui.

¹²Memeh asup uluk salam heula, Salam wilujeng.

¹³Lamun pribumina ngabageakeun, salam wilujeng maraneh bakal nerap. Tapi lamun nolak, salam maraneh cabut deui.

¹⁴Lamun pribumi hiji imah atawa kota embungeun narima atawa embungeun ngadenge, tinggalkeun bae bari kebut kekebul tina suku.

¹⁵Sing percaya, dina Poe Kiamat urang Sadumu jeung Gomora bakal leuwih dipikawelas ku Allah ti batan jelema-jelema di eta tempat!"

¹⁶"Regepkeun! Maraneh diutus teh lir domba nyampeurkeun ajag-ajag. Jadi sing waspada kawas oray, sing lemes kawas japat.

¹⁷Sing caringcing, sabab aya nu baroga niat nangkep maraneh, nyerenkeun maraneh ka pangadilan. Maraneh bakal disiksa di imah-imah ibadah.

¹⁸ Maraneh bakal dipariksa ku nu karawasa jeung ku raja-raja, pedah anut ka Kami. Tapi eta teh kasempetan pikeun maraneh mere pertelaan hal Kami ka maranehna jeung ka jelema-jelema anu teu nyarahoeun ka Allah.

¹⁹ Lamun dipariksa teu kudu bingung kumaha kudu ngomong atawa kumaha kudu nyarita. Geus dina waktuna mah maraneh bakal dibere nyaho kudu ngomong naon.

²⁰ Sabab anu cacatur engke teh saenyana lain maraneh, tapi Roh Rama maraneh. Maraneh anu ngedalkeunana.

²¹ Engke teh dulur bakal nyerenkeun dulurna keneh sina dipaehan, kitu keneh bapa ka anak; anak bakal ngalawan ka bapa, nyerenkeun bapana sina dipaehan.

²² Maraneh bakal dipikageuleuh ku unggal jelema lantaran anut ka Kami. Tapi sing saha anu tagen nepi ka ahir bakal disalametkeun.

²³ Upama maraneh dikaniaya di hiji kota, kudu nytingkir ka tempat sejen. Sing percaya ka Kami: Memeh kota-kota Israil kaider kabeh ku maraneh, Putra Manusa geus datang manten.

²⁴ Murid moal bisa ngungkulan guru, gandek moal bisa ngungkulan dunungan.

²⁵ Ku sabab eta lamun aya murid anu bisa sarua jeung guruna kudu geus ngarasa untung, nya kitu keneh lamun aya gandek anu bisa sarua jeung dununganana. Lamun kapala kulawarga meunang sesebutan Beelsebul,

komo anggota-anggotana disebutna tangtu leuwih goreng ti sesebutan Beelsebul!"

26 "Tong sieun ku pada jalma. Hal-hal anu ayeuna katutup bakal kabuka, moal aya rasiah anu moal kaguar.

27 Ieu omongan Kami anu diomongkeun ka maraneh di nu poek, ku maraneh embarkeun di nu caang, anu ayeuna diharewoskeun kana ceuli maraneh kudu diembarkeun ti munara.

28 Jelema ngan bisaeun ngabinasa badan, teu bisaeun maehan nyawa, teu kudu dipikasieun. Anggur kudu sieun ku Allah, anu kawasa ngabinasakeun badan jeung nyawa di naraka.

29 Piit hargana saduit dua, tapi sanajan kitu moal aya nu ragrag kana taneuh lamun taya pangersa Rama maraneh.

30 Buuk sirah maraneh ge ku Mantenna geus diitung.

31 Ku sabab kitu ulah sieun-sieun! Harkat maraneh leuwih punjul ti batan piit!"

32 "Anu ngaku di hareupeun umum yen anut ka Kami, ku Kami ge tangtu diaku di payuneun Ama Kami di sawarga.

33 Anu ngangles di hareupeun umum magar lain anut ka Kami, ku Kami ge tangtu diangles di payuneun Ama Kami di sawarga."

34 "Ulah disangka Kami datang ka dunya teh mawa karuntutan. Kami lain mawa karuntutan, tapi mawa pedang.

³⁵Ku datangna Kami, anak lalaki bakal ngalawan ka bapana, anak awewe bakal ngalawan ka indungna, minantu awewe bakal ngalawan ka mitohana awewe.

³⁶Anu bakal jadi musuh pangbangetna teh nya anggota kulawargana keneh.

³⁷Anu leuwih nyaah ka bapana atawa ka indungna ti batan ka Kami, teu pantes jadi murid Kami. Anu leuwih nyaah ka anakna nu lalaki atawa nu awewe ti batan ka Kami, teu pantes jadi murid Kami.

³⁸Jalma anu milu ka Kami tapi embung manggul salibna, teu pantes jadi murid Kami.

³⁹Jalma anu ngabelaan nyawana sorangan bakal kaleungitan nyawana. Sabalikna anu pegat nyawa lantaran satia ka Kami, bakal meunangkeun hirup anu langgeng."

⁴⁰"Anu narima ka maraneh, eta narima ka Kami. Anu narima ka Kami, eta narima ka anu ngutus Kami.

⁴¹Anu daek narima utusan Allah dumeh ka utusan Allah, bakal meunang ganjaran sakumaha utusan Allah. Anu daek narima ka jelema bageur dumeh ka jelema bageur, bakal meunang ganjaran sakumaha jelema bageur.

⁴²Anu daek mere nginum sanajan ngan cai tiis ka salah sahiji panganut Kami nu panghinana, sing percaya, geus tangtu bakal diganjar."

11 ¹Sabada maparin wejangan ka murid-murid anu dua welas, Yesus terus angkat ngantunkeun eta tempat, seja ngawulang jeung nguarkeun amanat Allah di kota-kota anu dareukeut ka dinya.

²Yohanes anu keur di jero panjara meunang warta hal anu dipidamel ku Kristus, seug anjeunna ngutus murid-muridna ka Yesus, menta keterangan,

³"Naha leres Juragan teh anu bade sumping numutkeun jangji Allah tea sakumaha disaurkeun ku Yohanes? Atanapi abdi-abdi kedah ngantosan keneh anu sanes?"

⁴Yesus ngawaler, "Jig ka Yohanes deui, caritakeun ka anjeunna sakur anu ku maraneh kadenge jeung katenjo di dieu:

⁵Nu lolong jadi bisa nenjo, nu lumpuh jadi bisa leumpang, nu lepra jadi setra, nu torek jadi bisa ngadenge, nu paeh dihirupkeun deui, nu mariskin diwawaran Injil Kasalametan ti Allah.

⁶Bagja jamuga sing saha anu henteu cangcaya ka Kami!"

⁷Sanggeus utusan-utusan Yohanes baralik, Yesus nyaurkeun Yohanes ka jalma rea, saurna, "Basa aranjeun daratang ka Yohanes di gurun keusik teh rek naraon? Rek narenjo daun eurih anu tingarulang ku angin?

⁸Cik rek naraon? Rek lalajo jelema anu pakeanana ginding? Jalma anu pakeanana ginding mah ayana di karaton-karaton!

⁹Jadi rek narenjo naon ka daritu teh? Rek narenjo nabi? Bener, tapi anu katarenjo ku maraneh teh leuwih ti nabi.

¹⁰Sabab Yohanes teh nya anu ku Kitab Suci disebut kieu tea: Allah ngandika, Kami rek ngajurung utusan heulaeun Hidep, sina naratas jalan keur Hidep.

¹¹Sing percaya, di dunya ieu can aya anu leuwih agung ti batan Yohanes Jurubaptis. Tapi di Karajaan Sawarga mah anu panglaipna ge leuwih agung ti batan Yohanes.

¹²Ti mimiti Yohanes nyiarkeun amanatna nepi ka ayeuna, Karajaan Sawarga teh geus nandangan panggempur hebat, sarta arek dibekuk ku jelema-jelema lalim.

¹³Eta Karajaan teh geus diramalkeun ku Kitab Nabi-nabi jeung ku Hukum Musa tug nepi ka jaman Yohanes.

¹⁴Mun daraek percaya, Yohanes teh nya eta Elias, anu pisumpingeunana geus diramalkeun.

¹⁵Ku sabab eta, lamun baroga ceuli, dengekeun!

¹⁶Ari jelema-jelema jaman kiwari ku Kami bisa diupamakeun kawas naon? Kawas barudak anu keur dariuk di pasar. Nu sarombongan ngagero ka rombongan sejenna, pokna,

¹⁷Kami maen musik paranti kawinan, maraneh teu ngarigel! Kami mangnyanyikeun lagu kapapatenan, maraneh teu careurik!

¹⁸Yohanes sumping, puasa, tara ngaleueut anggur, pada nyebutkeun, Jelema kasurupan roh jahat!

¹⁹Anak Manusa datang, biasa sok dahar sok nginum, ceuk maraneh, Tenjo ieu jelema! Tukang nyatu, tukang nginum anggur, sobat tukang-tukang mulung pajeg jeung jelema-jelema doraka! Sanajan kitu, kawijaksanaan Allah mah katembong tina hasil-hasilna."

²⁰Aya kota-kota anu jelemana teu daraek tobat, padahal di dinya Anjeunna pangseringna nembongkeun mujijat-mujijat. Eta kota-kota ku Anjeunna diseukseukan.

²¹"Cilaka maneh Korasin! Cilaka maneh oge, Betsaida! Lamun heug mujijat-mujijat anu ditembongkeun ka maraneh teh ditembongkeunana ka urang Tirus jeung Sidon, tangtu geus lila deui maranehna mah bakal marake baju karung jeung ngawuran awakna ku lebu, nyirikeun tobat tina dosa-dosana.

²²Kami yakin, dina Poe Kiamat urang Tirus jeung Sidon bakal leuwih dipikawelas ku Allah ti batan maraneh!

²³Kitu deui maneh, Kapernaum! Baruk rek ngangkat maneh ka sawarga? Hamo bisa! Maneh bakal ditotogkeun ka naraka! Upama heug mujijat-mujijat anu ditembongkeun ka maneh baheula ditembongkeun ka urang

Sadumu, eta nagara tangtu nepi ka ayeuna
aya keneh!

²⁴ Sing percaya, dina Poe Kiamat urang
Sadumu bakal leuwih dipikawelas ku Allah ti
batan maraneh!"

²⁵ Harita Yesus terus sasauran, "Nun
Ama, Gustina langit sareng bumi! Abdi
ngahaturkeun nuhun, reh perkawis ieu ku
Ama dirasiahkeun ka anu palinter sareng
garaduh elmu, dupi ka anu teu garaduh
katerang mah parantos ditembrakkeun.

²⁶ Leres, ieu anu nyukakeun manah Ama
teh!"

²⁷ Saur-Na deui, "Sakabeh hal ku Rama Kami
geus diserenkeun ka Kami. Taya nu nyaho ka
Putra, ngan Rama anu uninga. Taya nu nyaho
ka Rama salian ti Putra jeung jalma-jalma
anu ku Putra kapilih diwawuhkeun ka Rama.

²⁸ Hiap datang ka Kami, sakur nu maropo
jeung nu kalempahan sarta nu ngarasa beurat
ku momotan, ku Kami rek direureuhkeun.

²⁹ Turut parentah Kami sarta diajar ka Kami.
Kami teh lemah lembut jeung rendah hate,
sarta maraneh bakal ngarasa reureuh.

³⁰ Sabab parentah-parentah Kami mah
gampang, sarta momotan ti Kami hampang."

12 ¹ Teu lila ti harita, dina poe Sabat
Yesus angkat ngalangkung lahan pelak
gandum. Murid-murid-Na lalapareun, tuluy
maretik gandum sarta didalahar.

²Katarenjoeun ku urang Parisi tuluy diomongkeun ka Yesus, "Tingali itu murid-murid Anjeun ngarempak Hukum Agama urang, migawe anu dilarang dina poe Sabat!"

³Waler Yesus, "Tacan ngaos kitu carita Daud, kumaha waktu anjeunna jeung pangiringna lapar?

⁴Anjeunna lebet ka Bait Allah nyandak roti pangbakti ka Allah, sarta terus dituang jeung pangiringna. Padahal nurutkeun Hukum Agama mah eta roti teu meunang didahar ku sambarang jelema, ngan imam bae nu meunang ngadahar.

⁵Atawa can kaaos kitu dina Hukum Musa, yen imam-imam anu digarawe di Bait Allah unggal poe Sabat ngalanggar papakon Sabat tapi teu disalahkeun?

⁶Bisi can tarerang, di dieu aya anu leuwih mulya ti batan Bait Allah.

⁷Dina Kitab Suci aya ayat kieu: Anu dipundut ku Kami teh watek welas asih, lain sato kurban. Lamun aranjeun ngarti enya-enya kana ieu ayat, piraku nepi ka nyalahkeun ka nu teu salah.

⁸Karana Anak Manusa teh Gustina poe Sabat."

⁹Yesus neruskeun angkat tuluy lebet ka imah ibadah.

¹⁰Di dinya aya hiji jelema anu leungeunna kemper sabeulah. Jeung aya nu sejen deui, anu saenyana ngarep-ngarep supaya

Yesus ngadamel kasalahan, rek didakwa. Maranehna ngadoja ka Anjeunna, "Coba ieu lamun dicageurkeun ayeuna dina poe Sabat, kumaha ngarempak Hukum Agama urang?"

¹¹ Waler Yesus, "Lamun aranjeun aya anu boga domba sasaki, ragrag kana lombang jero dina poe Sabat, kumaha moal diusahakeun diangkat?

¹² Komo jelema anu lain domba! Ku sabab kitu, najan keur poe Sabat oge Hukum Agama urang ngidinan ari nulungan ka sasama hirup mah."

¹³ Geus kitu saur-Na ka eta nu kemper, "Angkat leungeun maneh, lempengkeun." Seug nu kemper teh ngangkat leungeunna, sarta harita keneh tuluy cageur kawas nu sabeulah deui.

¹⁴ Urang Parisi ngalaleos ti dinya, badami rek maehan Yesus.

¹⁵ Yesus uningaeun yen Anjeunna rek aya nu nelasan, tuluy ngantunkeun eta tempat, ditaluturkeun ku jalma rea. Anjeunna nyageurkeun anu garering,

¹⁶ tapi maranehna teu meunang ucah-aceh perkara Anjeunna.

¹⁷ Pang Anjeunna midamel kitu teh ngalaksanakeun sabda Allah anu diucapkeun ku Nabi Yesaya baheula:

¹⁸ "Nya ieu abdi Kami, utusan pilihan Kami, anu ku Kami diasih jeung dipisuka, bakal diauban ku Roh Kami. Anjeunna bakal

ngembankeun ka bangsa-bangsa perkara putusan Kami.

¹⁹Anjeunna bakal nyinkiran papaduan, moal hahaok, atawa sosoak pidato di jalan-jalan.

²⁰Anjeunna moal motongkeun awi anu geus bengkung, moal mareuman lampu anu geus kakalincesan. Tekadna teguh nepi ka kaadilan nanjurkeun kaunggulan.

²¹Anjeunna bakal jadi harepan sagala bangsa."

²²Aya rombongan mawa jelema nya lolong nya pireu lantaran diraksuk ku roh jahat, dideuheuskeun ka Yesus. Ku Anjeunna dicageurkeun jadi bisa ngomong bisa nenjo.

²³Jelema-jelema anu narenjo mani aroloholok tuluy ngaromong, "Boa Anjeunna teh Putra Daud anu dijangjikeun tea, nya?"

²⁴Ngadarenge kitu, urang Parisi nembal, "Manehna bisaeun ngusir roh jahat teh lantaran dibere kawasa ku Beelsebul, kapala roh-roh jahat."

²⁵Yesus uningaeun kana pipikiran maranehna, tuluy sasauran, "Nagara anu pecah jadi golongan-golongan anu silih lawan, ngadegna moal lila. Kota atawa kulawarga anu anggotana pecah jeung silih musuhan, bakal paburantak.

²⁶Kitu keneh di karajaan Iblis, lamun anu sagolongan ngusir anu sagolongan deui, eta

nandakeun karajaanana geus pecah, tereh ambrug burantakan!

²⁷ Ceuk aranjeun, Kaula ngusir eta roh jahat teh make kakawasaan Beelsebul. Nah, para panganut aranjeun ti saha meunangna kawasa ari ngusir roh jahat? Para panganut aranjeun sorangan anu netelakeun yen aranjeun salah!

²⁸ Anu mere kakawasaan ka Kaula ngusir roh-roh jahat lain Beelsebul, tapi Roh Allah, nandakeun yen aranjeun geus aya dina suasana Karajaan Allah.

²⁹ Moal aya anu bisa ngabongkar imah jelema bedas sarta nyokotan harta bandana, kajaba lamun eta jelema bedas teh ditalikung heula, kakara imahna bisa dijarah.

³⁰ Anu henteu biluk ka Kaula tandaning lawan. Anu henteu ngabantu Kaula ngumpulkeun, hartina ngacak-ngacak pagawean Kaula!

³¹ Ku sabab eta Kaula mere terang, jelema anu nyieun dosa jeung anu omonganana jahat bisa dihampura. Tapi anu ngagogoreng Roh Suci mah teu bisa dihampura.

³² Anu omonganana ngalawan ka Anak Manusa bisa dihampura, tapi anu omonganana ngalawan ka Roh Suci mah dunya aherat moal dihampura!"

³³ "Lamun hayang buah anu alus kudu boga tangkalna anu mulus. Tangkal anu kuru mah

buahna moal alus. Tangkal naon tangkal naon bisa kanyahoan tina buahna.

³⁴ Ari aranjeun, oray-oray, kumaha rek bisa ngucapkeun nu hade lamun aranjeun jahat? Ucapan anu mudal tina sungut teh asalna tina hate.

³⁵ Jelema hade tangtu ngabijilkeun anu hade tina hatena anu pinuh ku nu harade. Jelema jahat tangtu ngabijilkeun anu jahat tina hatena anu pinuh ku nu jarahat.

³⁶ Kaula ngingetan, dina Poe Kiamat unggal jelema kudu nanggung balukar omongan-omonganana anu mubadir.

³⁷ Sabab ucapan-ucapan aranjeun sorangan anu baris dipake nangtukeun aranjeun salah atawa teu salah."

³⁸ Ceuk guru-guru ahli hukum agama Yahudi jeung urang Parisi ka Anjeunna, "Guru, cik ngayakeun kaajaiban, hayang ningal."

³⁹ Yesus ngawaler, "Ku jarahat jeung ku daroraka ari manusa jaman kiwari! Marenta kaajaiban? Moal dibere, salian ti kaajaiban anu kasorang ku Nabi Yunus.

⁴⁰ Tilu poe tilu peuting Yunus aya di jero beuteung hiji lauk gede. Ari Anak Manusa, tilu poe tilu peuting bakal aya di jero kandungan bumi di jero taneuh.

⁴¹ Dina Poe Kiamat, urang Ninewe bakal nunjuk kadorakaan aranjeun, da urang Ninewe mah narurut kana hutbah Nabi Yunus,

tarobat. Tapi ayeuna di dieu aya anu leuwih ti batan Nabi Yunus!

42 Dina Poe Kiamat, kajahatan aranjeun bakal ditunjuk ku ratu nagri Syeba, da eta ratu jauh-jauh ti nagrina geus merelukeun datang ngabandungan papatah-papatah Raja Suleman anu pinter wijaksana. Tapi ayeuna di dieu aya anu leuwih ti batan Raja Suleman!"

43 "Lamun roh jahat geus kaluar tina nyurupna ka hiji jelema, tuluy ngatrok ka tempat-tempat anu garing, neangan enggon reureuh. Sanggeus teu manggih,

44 ngomong sorangan, Mending balik deui ka imah aing nu bareto. Tuluy balik deui, nyampak urut nyurupna teh kosong, bararesih, rarapih.

45 Seug indit heula, balikna mawa batur tujuhan, roh-roh anu leuwih jahat ti batan manehna, tuluy nyarurup ka eta jelema, cicing reujeung. Kajadianana, kaayaan eta jelema jadi leuwih cilaka ti batan tadina. Kaayaan anu bakal nyorang ka jelema-jelema jahat jaman kiwari oge kitu."

46 Sabot Yesus sasauran keneh jeung maranehna, ibu-Na sumping jeung saderek-saderek-Na, narangtung di beh luar, talatah yen seja nepungan.

47 Seug aya anu ngunjukkeun ka Anjeunna, pokna, "Itu aya ibu sareng saderek-saderek, hoyongeun nepangan."

⁴⁸"Saha ari ibu Kami? Saha ari dulur-dulur Kami?

⁴⁹Ieu ibu jeung dulur-dulur Kami mah!" waler Yesus nunjuk ka murid-murid-Na.

⁵⁰"Sing saha anu ngalampahkeun pangersa Rama Kami nu di sawarga, eta dulur Kami awewe lalaki jeung ibu Kami."

13¹Poe eta keneh Yesus angkat ti eta imah ka sisi talaga, tuluy ngawulang di dinya bari calik.

²(13: 2-3) Jelema nu kumpul kacida lobana nepi ka Anjeunna pindah calikna kana parahu, tuluy nyarioskeun rupa-rupa misil, didarengekeun ti darat. Aya hiji jelema indit nebarkeun binih.

³(13: 2)

⁴Waktu tebar, binihna aya anu ragragan ka jalan, seug datang manuk maracokan eta binih nepi ka beak.

⁵Aya nu ragragan kana taneuh anu cadasan, taneuhna ipis. Eta binih tereh jadi lantaran taneuhna henteu jero,

⁶tapi sanggeus kasebrot ku panonpoe, binih nu kakara mentik teh ngulapes tuluy garing lantaran akarna henteu jero.

⁷Aya anu ragragan kana rungkun cucuk, rungkunna ngagedean, nepi ka ahirna binih teh kaheumpikan.

⁸Anu ragragna kana taneuh anu riduh jeung lendo, jadina alus sarta baruahan, hasilna

aya nu saratus kalieun, genep puluh kalieun
jeung tilu puluh kalieun asalna."

⁹Geus kitu saur-Na, "Lamun baroga ceuli
pek ieu darengekeun!"

¹⁰Murid-murid naranyakeun ka Anjeunna,
"Ku naon Bapa nyarios ka maranehna
nganggo misil-misil?"

¹¹Waler-Na, "Sabab maranehna tacan
nyaraho kana rasiah-rasiah Karajaan
Sawarga, ari maraneh mah geus dibere
nyaho.

¹²Sabab saha-saha anu geus bogaeun bakal
ditambahne nepi ka leuwih ti cukup, sabalikna
anu teu bogaeun mah malah kabogana ge
kajeun ngan saeutik bakal dicokot.

¹³Bapa nyarita ka maranehna ku misil,
lantaran maranehna mah narenjokeun tapi
teu narenjoeun, ngadarengekeun tapi teu
ngadarengeeun, teu ngalartieun.

¹⁴Maranehna teh anu baheula diramalkeun
kieu tea ku Yesaya: Eta jelema-jelema,
ngadarengekeun mah teu weleh, tapi moal
datang ka ngarti. Narenjokeun ge teu weleh,
tapi moal datang ka narenjo.

¹⁵Sabab uteukna geus mintul, geus
nyocokan ceulina, meureum-meureumkeun
panonna. Lamun teu karitu mah panonna
tangtu narenjo, ceulina tangtu ngadarenge,
uteukna tangtu ngalarti, tangtu bakal
ngadareuheus ka Kami timbalan Allah geus
tangtu ku Kami dicalageurkeun.

¹⁶ Maraneh mah kacida untungna! Panon narenjo, ceuli ngadarenge.

¹⁷ Sing percaya ka Bapa, loba nabi jeung jelema-jelema nu aribadah ka Allah anu kacida harayangeunana narenjo anu katarenjo ku maraneh, tapi teu bisa. Loba anu harayangeun ngadenge anu geus kadarenge ku maraneh, tapi teu bisa."

¹⁸ "Ayeuna darengekeun, raregepkeun, naon hartina eta misil anu tebar teh.

¹⁹ Binih anu ragragan ka jalan, hartina: Amanat hal Karajaan Sawarga anu diwawarkeun ka jelema-jelema anu ngan semet ngadarengekeun, henteu malikiran. Amanat anu diwawarkeun ka maranehna teh dicabut ku Si Jahat.

²⁰ Binih anu ragragan kana taneuh ipis anu cadasan, hartina: Barang mimiti mah eta amanat teh ditarima reujeung suka,

²¹ tapi henteu tahan lila sabab henteu sakumaha nyerepna kana hate nu narima. Sanggeus ngarasa yen nyekel eta amanat teh jadi diteungteuinganan ku sasama hirup, tuluy bae murtad.

²² Binih anu ragragan kana rungkun cucuk hartina: Amanat teh ditarima, tapi kaelehkeun ku kasalempangan hirup jeung ku napsu hayang beunghar, henteu nepi ka buahan.

²³ Binih anu ragragna meneran kana taneuh anu riduh jeung lendo, hartina: Amanat teh ku nu ngadengena ditarima jeung dihartikeun,

seug ngabuahkeun, aya nu saratus kalieun, nu genep puluh kalieun, jeung nu tilu puluh kalieun."

²⁴ Yesus nyarioskeun deui hiji misil: "Karajaan Sawarga teh ibarat kieu. Aya jelema nebarkeun babit hade di lahanna.

²⁵ Dina hiji peuting waktuna jalma-jalma sarare, datang musuhna nyebarkeun babit eurih dina eta lahan tuluy indit.

²⁶ Gandum jaradi geus mimiti ranggeuyan, eurih oge jadi.

²⁷ Bujang-bujangna popoyan, Juragan, anu ditebarkeun teh pan binih sae. Ku naon jadi seueur eurih, ti mana dongkapna?

²⁸ Jawabna, Tangtu pagawean musuh. Ceuk bujang-bujangna deui, Kumaha, kedah dicabutan eurihna?

²⁹ Jawabna, Ulah, bisi gandumna kacabut.

³⁰ Keun bae sina jaradi bareng. Engke dina waktu ngala, kami rek nitah ka nu digarawe nyabutan heula eta eurih sina dibeungkeutan keur durukeun, gandumna sina dikumpulkeun asupkeuneun ka leuit."

³¹ Yesus nyarioskeun deui hiji misil: "Karajaan Sawarga teh ibarat kieu. Aya jelema nyebarkeun siki sasawi dina lahanna.

³² Siki sasawi teh di antara sisikian mah panglembutna, tapi lamun geus jadi tangkalna teh panggedena ti sagala palawija, nepi ka dahani-dahanna bisa dipake nyayang ku manuk-manuk."

³³ Yesus nyarioskeun misil sejen deui: "Karajaan Sawarga teh ibarat kieu. Aya hiji awewe nyokot ragi, tuluy diadukkeun kana tipung opat puluh liter, seug adonanana beukah."

³⁴ Yesus nyariosna ka eta jelema-jelema teh kabeh ku misil, teu kersaeun mun lain ku misil.

³⁵ Pang midamel kitu teh ngalaksanakeun ucapan nabi baheula anu kieu: "Kami nyarita ka maranehna arek ku misil-misil, nyaritakeun hal-hal anu buni ti sajlegna dunya dijadikeun."

³⁶ Sanggeus Yesus ngantunkeun jalma rea jeung geus aya di bumi, murid-murid-Na nyalampeurkeun naranyakeun ka Anjeunna, "Dipi misil eurih di lahan gandum teh naon hartosna?"

³⁷ Saur Yesus, "Jelema anu nyebardeun binih hade, nya eta Anak Manusia.

³⁸ Ari lahanna nya eta dunya ieu. Binih nu hade, nya eta jalma-jalma anu geus jaradi warga Karajaan Sawarga. Eurih, nya eta jelema-jelema anu aranut ka Iblis.

³⁹ Musuh anu melak eurih nya eta Iblis. Waktu ngala nya eta Poe Kiamat. Nu digarawe nya eta para malaikat.

⁴⁰ Sakumaha eurih tea dikumpulkeun jeung diduruk, nya kitu engke kaayaan dina Poe Kiamat teh.

⁴¹ Anak Manusa bakal miwarang para malaikat-Na nyabutan sakur anu ngalantarankeun manusa jadi dosa, jeung sakur anu garoreng lampah, dicabutan ti Karajaana-Na,

⁴² tuluy dialung-alungkeun ka jero pameuleuman anu keur hurung ngagedurd gedur, tingjarerit jeung huntuna tingkereket.

⁴³ Ari anu ngarabdi ka Allah mah bakal cahayaan kawas panonpoe, di Karajaan Allah Rama maranehna. Lamun baroga ceuli pek darengekeun!"

⁴⁴ "Jeung Karajaan Sawarga teh ibarat jelema anu nimu pependeman di hiji kebon, tuluy dirimbunan deui. Kacida atoheunana nepi ka tuluy ngajual sagala pangabogana dipake meuli eta kebon."

⁴⁵ "Jeung ibarat kieu Karajaan Sawarga teh. Aya jelema neangan mutiara anu alus.

⁴⁶ Sanggeus manggih mutiara anu luar biasa alusna, tuluy ngajual sagala harta bandana dipake meuli eta mutiara."

⁴⁷ "Jeung kieu ibaratna Karajaan Sawarga teh. Aya nu ngarala lauk di talaga make jaring. Rupa-rupa lauk kajaring.

⁴⁸ Sanggeus jaringna pinuh ku lauk tuluy diangkat, nu ngalana ngariung milihan lauk. Lauk nu aralus diasup-asupkeun kana wadah, anu taya mangpaatna dipiceunan.

⁴⁹ Dina Poe Kiamat oge kitu, para malaikat bakal nyokotan jelema-jelema anu jarahat, dipisahkeun ti anu ngarabdi ka Allah

⁵⁰ tuluy digalebruskeun kana pameuleuman anu keur ngagudag-gudag, tingjarerit jeung huntuna tingkereket."

⁵¹ Yesus mariksa ka murid-murid, "Kumaha maraneh ngalarti?" "Sumuhun ngartos," tembal murid-murid.

⁵² Saur Yesus, "Tah kitu. Anu matak lamun unggal guru agama jadi warga Karajaan Sawarga, eta ibarat jelema anu ngabudalkeun barang sisimpenanana ti imahna, boh nu anyar boh nu heubeul."

⁵³ Sanggeus nyarioskeun eta misil-misil Yesus angkat ti dinya,

⁵⁴ ngabujeng ka kota tempat asalna, tuluy ngawulang di imah ibadah. Urang dinya kacida hareraneunana. Tuluy carek maranehna, "Ti mana meunang hikmat kitu eta jelema teh?

⁵⁵ Lain anak tukang kayu tea eta teh? Indung-Na lain Mariam? Bapa-Na lain Yusup? Dulur-dulur-Na pan Yakobus, Yusup, Simon jeung Yudas.

⁵⁶ Dulur-dulur-Na nu awewe oge pan di dieu, lain? Na ti mana manehna meunang nu kitu?"

⁵⁷ Ku sabab eta maranehna nolak ka Anjeunna. Saur Yesus ka maranehna, "Nu jadi nabi mah di mana-mana ge diajenan, kajaba di lemburna jeung ku kulawargana sorangan."

⁵⁸Anjeunna di dinya mah henteu loba ngayakeun kaajaiban, lantaran urang dinya arembungeun percaya.

14¹ Waktu eta Herodes raja di Galilea ngadangu warta hal Yesus.

²Saurna ka para pajabatna, "Teu sak deui eta teh Yohanes Jurubaptis hirup deui, mana sakitu kawasana oge nyieun mujijat-mujijat."

³Sabab samemeh eta Herodes geus nitah nangkep Yohanes sarta sina dibarogod, tuluy diasupkeun ka panjara, lantaran tina sual Herodias garwa Pilipus saderekna.

⁴Saur Yohanes harita ka Herodes, "Anjeun teu kenging nikah ka Herodias!"

⁵Saenyana harita Herodes hoyongeun maehan ka Yohanes, tapi sieuneun ku urang Yahudi anu nganggap nabi ka Yohanes.

⁶Dina pesta wewedalan Herodes, putra istri Herodias ngibing di payuneunana jeung tamu-tamu.

⁷Ku bawaning suka Herodes sasauran kieu ka eta murangkalih, "Ama sumpah, sapamenta nyai tantu dikabul!"

⁸Kalawan papatah ibuna, eta murangkalih teh kieu unjukanana, "Nyuhunkeun sirah Yohanes Jurubaptis ayeuna keneh, bantun ka dieu dina baki."

⁹Raja bingung. Tapi ku sabab geus sumpah kasaksian ku para tamu, tuluy nimbalan ngalaksanakeun panuhun eta murangkalih.

¹⁰Yohanes diteukteuk mastakana di jero panjara.

¹¹Mastakana diserenkeun ka eta murangkalih dina baki, tuluy disanggakeun ka ibuna.

¹²Layon Yohanes ku murid-muridna dicokot tuluy dipendem. Kajadianana dipopoyankeun ka Yesus.

¹³Sanggeus ngadangu warta hal Yohanes, Yesus angkat nyalira ka hiji tempat mencil kana parahu. Tapi jelema-jelema ngadarenge beja, tuluy budal nyarusul make jalan darat.

¹⁴Waktu lungsur tina parahu, ningali jelema sakitu reana manah Yesus mani ngerik hawatoseun. Anu garering ku Anjeunna tuluy dicalageurkeun.

¹⁵Sanggeus burit murid-murid nyalampeurkeun sarta arunjukan, "Parantos burit, sareng ieu tempat teh mencil. Jalmi-jalmi sina maleser tedaeuana ka kampung-kampung."

¹⁶"Ulah disina arindit," saur Yesus. "Suguh dahar ku maraneh bae saaya-aya!"

¹⁷"Kumaha da mung aya roti lima siki sareng lauk dua siki," jawab murid-murid.

¹⁸"Bawa ka dieu," saur Yesus.

¹⁹Jalma rea ku Anjeunna dipiwarang dariuk dina jukut. Anjeunna nyandak roti anu lima siki jeung laukna dua siki, tuluy tanggah muji sukur ka Allah. Rotina disemplekkan tuluy diasongkeun ka murid-murid sina dibagikeun.

²⁰ Jalma rea dalahar sareubeuheun. Sesa ngadahar ku murid-murid dikumpulkeun meunang dua welas karanjang.

²¹ Nu disuguh dahar teh aya lima rebu urang, jaba awewe jeung barudak.

²² Geus kitu Yesus miwarang murid-murid-Na kana parahu, sina ti hareula meuntas talaga ka peuntas ditu, ari jalma rea dijurung mulang.

²³ Jalma rea arindit. Anjeunna unggah ka pasir rek sembahyang. Sanggeus peuting, Anjeunna nyalira di dinya.

²⁴ Ari murid-murid geus aya di tengah talaga, parahuna keur digubag-gabig ku ombak lantaran mapag angin.

²⁵ Antara pukul tilu janari jeung pukul genep isuk, Yesus sumping ka murid-murid, angkatna napak kancang dina cai.

²⁶ Murid-murid-Na mani ngagarebeg seug tingjarerit, "Jurig!"

²⁷ Yesus geuwat ngagenta, "Teger! Kami ieu teh, ulah sarieun!"

²⁸ Ceuk Petrus, "Upami Anjeun leres Yesus, abdi idinan nyampeurkeun, leumpang dina cai!"

²⁹ "Hiap!" waler Yesus. Petrus turun tina parahu tuluy ngalengkah dina cai nyampeurkeun ka Anjeunna.

³⁰ Tapi barang aya angin ngahiuk jadi kacida sieuneunana, seug bae tikerelep meh laput. Petrus ngagero, "Gusti, tulungan!"

³¹ Ku Yesus buru-buru dikenyang ti jero cai, tuluy dilahiran, "Maneh kurang percaya! Naha asa-asanya?"

³² Tuluy naraek kana parahu, jep angin teh repeh.

³³ Murid-murid nyarembah ka Yesus tuluy arunjukan, "Leres Gusti teh Putra Allah!"

³⁴ Sanggeus narepi ka peuntas tuluy haranjat di Genesaret.

³⁵ Urang dinya warawuheun ka Yesus, tuluy nguaran tempat-tempat sakurilingna supaya anu garering dibarawa ka Yesus.

³⁶ Maranehna nunuhun ka Anjeunna supaya anu garering teh diwidian nyabak kana tungtung jubah-Na bae wungkul. Sakur anu nyabak ka Anjeunna terus cageur.

15¹ Aya rombongan urang Parisi jeung guru-guru agama ti Yerusalem, naranya kieu ka Yesus,

²"Ku naon murid-murid Anjeun henteu marake adat karuhun urang? Ari rek dalahar tara ngarumbah leungeun heula nurutkeun aturan!"

³ Waler Yesus, "Sabalikna aranjeun anu mentingkeun adat karuhun, ku naon ngarempak parentah Allah?

⁴ Timbalan Allah, Maneh kudu hormat ka indung bapa. Jeung, Anu ngagogoreng indung bapa kudu dipaehan.

⁵ Tapi ceuk pangajaran aranjeun mah, lamun jelema boga bikeuneun ka bapana atawa

ka indungna, tapi nyebutkeun yen, Anu ku kuring rek dibikeun ka Bapa jeung Ema teh ku kuring geus dihaturkeun ka Allah,

⁶eta jalma geus teu perlu deui ngahormat ka kolotna. Ku cara kitu teh aranjeun nyumahkeun parentah Allah, nurutkeun pangajaran sorangan.

⁷Aranjeun teh munapek! Cocog jeung ramalan Yesaya ngeunaan aranjeun, anu kieu tea:

⁸Ieu jelema-jelema, dawuhan Allah, hormatna ka Kami ngan semet omonganana, hatena mah jauh ti Kami.

⁹Cumah bae ibadah ka Kami, sabab ngajarkeun aturan beunang manusa, anu dianggapna aturan ti Kami!"

¹⁰Geus kitu Yesus miwarang jalma rea kumpul, tuluy saur-Na, "Darengekeun, halartikeun!

¹¹Anu ngalantarankeun diri jadi najis teh lain anu asup kana sungut, tapi anu kaluar ti dinya."

¹²Ti dinya murid-murid-Na nyalampeurkeun, unjukan, "Bapa, uninga urang Parisi nyarerieun hate ku kasauran Bapa tadi?"

¹³Waler Yesus, "Pepelakan anu lain beunang melak Rama Kami nu di sawarga, kabeh bakal dirabut.

¹⁴Teu kudu risi ku urang Parisi! Pamingpin-pamingpin lolong kabehbanana. Nu lolong

nungtun nu lolong, tangtu duanana tiguling kana solokan."

¹⁵ Petrus miunjuk, "Dipi pilahir nu tadi naon hartosna?"

¹⁶ Waler Yesus, "Ari maneh, geuning teu leuwih pinter ti batur.

¹⁷ Piraku teu ngarti, yen nu asup kana sungut terusna ka jero beuteung, ti dinya kaluar deui.

¹⁸ Sabalikna anu kaluar tina sungut asalna ti jero hate, matak najis kana diri.

¹⁹ Sabab timbulna pikiran-pikiran jahat teh ti jero hate, ngalantarankeun jelema nepi ka maehan, ngaranyed jeung nyieun kalakuan-kalakuan anu ingkar tina susila, maling, merdaya, jeung mitenah batur.

²⁰ Eta kabeh matak najis kana diri. Ari dahar teu ngumbah heula leungeun mah sanajan ceuk urang Parisi kudu, teu matak najis diri. "

²¹ Yesus angkat ti dinya ka hiji daerah deukeut Tirus jeung Sidon.

²² Aya hiji awewe urang Kanaan anu cicing di dinya, ngadeuheus ka Anjeunna sarta sasambat kieu, "Nun Putra Daud, abdi nyuhunkeun piwelas! Pun anak awewe diraksuk ku roh jahat, awakna dugi ka reksak."

²³ Ku Yesus teu diwaler sakecap-kecap acan. Murid-murid-Na mihatur, "Sina nyinkah, Pa! Ti tadi nutur-nutur bae, sareng gandeng!"

²⁴ Saur Yesus, "Kami diutus teh ngan ka urang Israil, hususna ka anu salasar cara domba leungit."

²⁵ Bruk eta awewe teh nyuuh kana sampean Anjeunna. "Tulungan, Juragan!" sasambatna.

²⁶ Saur Yesus, "Salah nyokot kadaharan barudak tuluy dialungkeun ka anjing."

²⁷ "Leres kitu, Juragan," tembalna. "Nanging geuning anjing oge kenging ngaletakan sesa-sesa anu ragragan tina meja dununganana."

²⁸ Geus kitu waler Yesus, "Ibu, iman kapercayaan Ibu sakitu mantepna! Heug, panuhun Ibu sing laksana." Sapada harita keneh anakna cageur.

²⁹ Ti eta tempat Yesus angkat deui mapay Talaga Galilea, tuluy unggah ka hiji pasir ngadon calik.

³⁰ Jalma-jalma ngabrus daratang ka Anjeunna, mawa nu lumpuh, nu lolong, nu cingked, nu pireu, jeung nu garering ku kasakit sejen, dikumpulkeun deukeut sampean Yesus, seug ku Anjeunna dicalageurkeun.

³¹ Jelema-jelema mani aroloholok nenjo anu pireu jadi bisa ngomong, anu cingked jadi walagri, anu lumpuh jadi bisa leumpang, anu lolong jadi bisa nenjo. Seug bae maruji ka Allah urang Israil.

³² Yesus nyaur murid-murid tuluy nyarios, "Karunya ieu jelema-jelema teh. Geus tilu

poe di darieu jeung Kami, ayeuna geus henteu barogaeun jang dahar. Kami teu tega nitah baralik teu disina dalahar heula, bisi kalempahan di jalan."

³³ Piunjuk murid-murid, "Nanging di gurun keusik sapertos kieu, ti mana bade kenging tedaen kangge jalmi sakitu seueurna?"

³⁴ "Sabaraha roti nu maraneh?" Yesus mariksa. "Tujuh, sareng lauk saeutik," tembal murid-murid.

³⁵ Jelema-jelema ku Yesus dipiwarang dariuk dina taneuh.

³⁶ Roti jeung lauk ku Anjeunna dicepeng tuluy Anjeunna muji sukur ka Allah. Roti disemplekan tuluy diserenkeun ka murid-murid sina dibagikeun.

³⁷ Jelema-jelema dalahar nepi ka sareubeuheun. Rotina nyesa, ku murid-murid dikumpulkeun meunang tujuh karanjang.

³⁸ Anu disuguh dahar harita lalaki wungkul aya opat rebu urang, jaba awewe jeung barudak.

³⁹ Sanggeus dalahar ku Yesus dipiwarang baralik, ari Anjeunna terus kana parahu ngabujeng daerah Magadan.

16¹ Aya rombongan urang Parisi jeung urang Saduki nemonan ka Yesus rek ngadoja, marenta sangkan Anjeunna ngadamel kaajaiban geusan ngabuktikeun yen Anjeunna asal ti Allah.

²Tapi waler Yesus, "Lamun panonpoe surup di langit aya layung, ceuk aranjeun Rek hade poe, langit mani ngempur.

³Lamun isuk-isuk haleungheum ceuk aranjeun, Rek hujan, langit reueuk haleungheum. Aranjeun bisa naksir hade gorengna poe nenjo kaayaan langit, tapi teu barisa nangenan tanda-tanda jaman kiwari!

⁴Jarahat, daroraka, jelema-jelema jaman kiwari teh! Aranjeun marenta kaajaiban? Taya nu pantes dibikeun salian ti kaajaiban anu kaalaman ku Nabi Yunus!" Geus kitu eta urang Parisi jeung urang Saduki teh dikantun.

⁵Sanggeus narepi ka peuntas talaga beulah ditu, murid-murid kakara inget yen teu marawa roti.

⁶Saur Yesus, "Kade, maraneh kudu ati-ati ku ragi urang Parisi jeung urang Saduki."

⁷Ari ceuk murid-murid ka pada baturna, "Saur-Na kitu teh sabab urang teu boga roti."

⁸Yesus uningaeun ka nu keur diomongkeun ku maranehna, tuluy ngalahir, "Ku naon ngaromong teu boga roti? Kacida kurangna kapercayaan maraneh teh!

⁹Teu ngalarti kana maksud Kami? Geus teu aringet waktu Kami nyuguh dahar lima rebu jelema ku roti anu asalna ngan lima siki? Sabaraha karanjang sesana?

¹⁰Kumaha deuih hal roti tujuh anu disuguhkeun ka opat rebu jelema? Sabaraha karanjang sesana?

¹¹ Ku naon nepi ka teu ngalarti yen Kami tadi lain ngomongkeun roti? Pan ceuk Kami oge: Kudu ati-ati ku ragi urang Parisi jeung urang Saduki."

¹² Geus dikitukeun mah kakara murid-murid teh ngarti, yen Anjeunna mepelingan kitu teh lain kudu ati-ati ku ragi anu sok dipake nyieun roti, tapi ku pangajaran urang Parisi jeung urang Saduki.

¹³ Yesus terus angkat ka daerah deukeut kota Kesarea Pilipi. Di dinya Anjeunna mariksa ka murid-murid, "Ceuk jalma rea Anak Manusa teh saha?"

¹⁴ Jawab murid-murid, "Aya nu nyebat Yohanes Jurubaptis, aya nu nyebat Elias, aya nu nyebat Yermia atanapi salah sawios nabi."

¹⁵ "Ari ceuk maraneh Kami teh saha?" Yesus mariksa deui.

¹⁶ Ceuk Petrus, "Bapa teh Kristus, Jurusalamet, Putra Allah nu jumeneng."

¹⁷ "Bagja maneh, Simon anak Yonas!" saur Yesus. "Sabab maneh nyaho kitu teh lain ti manusa tapi ti Rama Kami di sawarga."

¹⁸ Ku sabab eta, Petrus, Kami ngabejaan: maneh teh batu karang. Dina eta batu karang Kami bakal ngadegkeun gareja Kami anu moal eleh ku naon-naon, ku maot ge moal eleh.

¹⁹ Maneh bakal diserenan konci Karajaan Sawarga. Anu ku maneh ditolak di dunya di sawarga ge bakal ditolak. Anu ku maneh

ditarima di dunya di sawarga ge bakal ditarima."

²⁰Anjeunna ngalarang murid-murid supaya ulah ngomong ka saha-saha yen Anjeunna Kristus Jurusalamet.

²¹Ti semet harita Yesus mimiti nyarios sabalakana ka murid-murid, saur-Na, "Kami teu meunang henteu kudu ka Yerusalem, kudu nandangan sangsara di ditu, dikaniaya ku para kokolot, ku imam-imam kapala, jeung ku guru-guru agama Yahudi. Kami bakal dipaehan. Tapi sanggeus maot tilu poe bakal hirup deui."

²²Yesus ku Petrus ditarik ka sisi tuluy diemutan, pokna, "Gusti! Mugi eta hal ditebihkeun ku Allah. Gusti ulah dugi ka nyorang kitu!"

²³Yesus malik tuluy ngalahir ka Petrus, "Nyingkir maneh, Setan! Maneh ngahalangan jalan Kami. Eta pikiran maneh teh pikiran manusia, lain asal ti Allah."

²⁴Geus kitu Anjeunna sasauran ka murid-murid, "Nu rek anut ka Kami kudu ninggalkeun kapentingan pribadi, kudu manggul salibna tuluy ngiring ka Kami.

²⁵Sabab sing saha anu leuwih ngabela nyawana bakal kaleungitan ku nyawana. Sabalikna anu ngurbankeun hirupna lantaran anut ka Kami, bakal meunangkeun nyawana.

²⁶Naon untungna jelema meunangkeun saalam dunya, tapi kaleungitan nyawana?

Naha bisa hirupna diganti ku harta di dunya ieu?

²⁷ Moal lila deui Putra Manusa teh bakal sumping nganggo kamulyaan Rama-Na, diiring ku para malaikat-Na, rek ngabales ka unggal jelema satimpal jeung kalakuanana.

²⁸ Kanyahokeun ku maraneh yen saenyana di antara anu ayeuna aya di dieu, aya anu moal waka maot samemeh narenjo Putra Manusa sumping ngajadi Raja."

17 ¹Genep poe ti harita Yesus unggah ka hiji gunung anu luhur, nyandak Petrus, Yakobus, jeung Yohanes. Di luhur gunung ngan opatan bae.

²Di dinya Yesus salin rupi, katenjo ku nu tiluan raray-Na moncorong kawas panonpoe, anggoana-Na bodas hurung mancur.

³Breh deuih katenjo aya Musa jeung Elias keur cacarios jeung Anjeunna.

⁴Pok bae Simon Petrus unjukan kieu, "Gusti, ku raraos urang di dieu teh! Manawi karujukan abdi bade ngadamel tilu kemah, kangge Gusti, kangge Musa, sareng kangge Elias."

⁵Petrus keur unjukan keneh, bray aya mega ngagebray turun mayungan ka aranjeunna. Tina eta mega aya soara, ungelna, "Tah ieu teh Putra Kami, kaasih Kami, anu kamanah ku Kami. Masing ngagugu ka Anjeunna!"

⁶Bawaning ku sarieuneun kana eta soara, murid-murid teh mani nyaluksrukkeun beungeut kana taneuh.

⁷Ku Yesus disampeurkeun tuluy diusap. "Harudang, ulah sarieun!" saur-Na.

⁸Barang carengkat geus teu aya sasaha ngan Yesus bae.

⁹Waktu keur marudun Yesus mesen kieu, "Kade, tetenjoan anu tadi ulah dicaritakeun ka saha-saha, nepi ka waktu Putra Manusa dihudangkeun ti nu maraot."

¹⁰Murid-murid-Na naranyakeun, "Ku naon saur guru-guru agama Yahudi mah Elias nu bakal sumping heula?"

¹¹Waler Yesus, "Bener, Elias heula nu kudu sumping pikeun memeres sagala kaayaan.

¹²Tapi Kami ngabejaan, saenyana Elias teh geus sumping tapi taya nu wawuheun. Jelema-jelema ka anjeunna sakarep-karep pisan. Putra Manusa oge ku maranehna bakal dikitukeun."

¹³Kahartieun ku maranehna yen anu dicarioskeun ku Anjeunna teh Yohanes Jurubaptis.

¹⁴Sanggeus Yesus jeung tilu murid kumpul deui jeung jalma rea datang hiji jelema, sujud ka payuneuna-Na

¹⁵jeung unjukan kieu, "Juragan, tulungan pun anak! Gaduh panyakit sawan, ngabahlakeun pisan kana awakna, margi sok

sering tikusruk kana seuneu atanapi kacebur kana cai.

¹⁶ Parantos dibantun ka murid-murid Juragan, nanging teu tariasaeun nyageurkeun."

¹⁷ Saur Yesus, "Pohara maraneh mah, nya saralah, nya teu baroga kapercayaan! Na Bapa teh kudu reureujeungan bae jeung maraneh? Kudu nepi ka mana Bapa nyabaran maraneh teh? Bawa budakna ka dieu!"

¹⁸ Tuluy roh jahat anu nyurup ka eta budak teh ku Anjeunna diparentah kaluar. Seug roh jahat teh kaluar, budakna jadi waras harita keneh.

¹⁹ Murid-murid marek ka Yesus, arunjukan, "Ku naon ku abdi-abdi mah eta roh jahat teh teu daekeun kaluar?"

²⁰ "Lantaranana mah maraneh kurang rasa kapercayaan," waler Yesus. "Sabab saenyana lamun maraneh boga rasa kapercayaan sagede siki sasawi bae, maraneh bisa marentah ka ieu gunung, Pindah ka ditu! tangtu ieu gunung pindah. Cindekna rek kumaha-kumaha ge maraneh tangtu bisa!

²¹ [Tapi roh jahat kawas nu tadi mah ngan bisa diusir ku paneda jeung puasa bae.]"

²² Waktu murid-murid kabeh aya di Galilea, Yesus nyarios kieu, "Anak Manusa teh moal lila deui oge bakal diserenkeun kana kakawasaan manusia,

²³tuluy dipaehan. Tapi sanggeus tilu poe bakal dihirupkeun deui." Murid-murid kacida naralangsaeunana.

²⁴Waktu Yesus sumping ka Kapernaum jeung murid-murid, aya tukang mulung pajeg Bait Allah nanya ka Petrus, "Ari guru maneh sok mayar pajeg Bait Allah?"

²⁵"Puguh bae," walon Petrus. Sanggeus Petrus aya di imah, ku Yesus dipiheulaan dipariksa, "Simon, kumaha ari ceuk maneh, saha anu kudu mayar pajeg atawa upeti ka raja-raja di dunya? Rahayatna atawa urang asing?"

²⁶"Urang asing," walon Petrus. Saur Yesus deui, "Lamun kitu rahayat mah teu kudu mayar.

²⁷Tapi keun bae, urang ulah cekcok jeung maranehna. Ku sabab eta jung ka ditu nguseup ka talaga. Lauk anu nyanggut pangheulana sanggeus dipecatkeun calangapkeun, dina sungutna aya duit, cukup keur mayar pajeg ka Bait Allah keur pajeg sarerea. Bayar pajeg urang teh ku eta!"

18¹ Waktu eta, murid-murid naranya kieu ka Yesus, "Dipi anu bakal pangpunjulna di Karajaan Sawarga, saha?"

²Yesus nyandak hiji budak leutik ditangtungkeun payuneuna-Na.

³Ti dinya saur-Na, "Sing percaya ka Kami, maraneh moal bisa jadi warga Karajaan

Sawarga lamun henteu robah kalakuan jeung
jadi saperti ieu budak leutik.

⁴Nu bakal pangpunjulna di Karajaan
Sawarga, nya eta anu daek ngahandapkeun
maneh, jeung boga hate saperti hate budak
leutik.

⁵Sing saha anu ngaku ka budak leutik
pantar kieu ku karana ngingetkeun ka Kami,
eta sarua jeung ngaku ka Kami."

⁶"Upama aya jelema anu ngalantarankeun
salah sahiji budak leutik pantar kieu ingkar ti
Kami, eta jelema leuwih hade dibangbaluhan
beuheungna ku batu panggilingan anu gede,
terus alungkeun ka jero laut.

⁷Memang cilaka di dunya teh loba gogoda,
anu ngalantarankeun manusa pecat iman!
Kaayaan kitu terus bae teu eureun-eureun.
Tapi leuwih cilaka deui jelema anu ngagodana!

⁸Leungeun atawa suku maraneh lamun nu
hiji pidosaeun mah teukteuk bae, piceun!
Mending ngan boga leungeun ngan hiji atawa
suku ngan hiji tapi salamet, ti batan leungeun
suku jangkep tapi diri sakujur dialungkeun
kana seuneu langgeng.

⁹Panon lamun nu hiji pidosaeun mah cokel
bae, piceun! Mending ngan boga panon
sabeulah tapi salamet, ti batan panon lengkep
tapi diri sakujur dicemplungkeun kana seuneu
naraka!"

¹⁰"Awas, ulah ngahina ka budak leutik pantar
kieu. Ati-ati, sabab malaikat-malaikatna

salawasna aya di payuneun Rama Kami di sawarga.

¹¹ [Ari Anak Manusa ka dunya teh rek nyalametkeun jelema anu leungit ti payuneun Allah.]

¹² Cik, upama aya nu boga domba saratus leungit hiji, ceuk maraneh bakal kumaha anu bogana? Tangtu indit neangan nu hiji, nu salapan puluh salapan diantep heula nyaratuan di lamping pasir.

¹³ Ana nu leungit geus kapanggih, nu bogana tangtu leuwih atoh ku eta anu hiji ti batan ku nu salapan puluh salapan nu henteu leungit.

¹⁴ Rama maraneh di sawarga oge kitu. Kahoyong-Na ulah aya saurang-urang acan umat-Na anu laleutik keneh anu leungit ti Mantenna."

¹⁵ "Dulur anu boga dosa ka maraneh kudu dipepelinan, tapi paduduaan bae. Mun daekeun narima salah, maneh untung bisa ngahiji deui jeung dulur.

¹⁶ Tapi upama embungeun ngadenge pepeling maraneh, kudu mawa batur saurang atawa duaan, sabab ceuk Kitab Suci, Pikeun netelakeun yen anu dituding teh enya salah, kudu kasaksian ku duaan atawa tiluan.

¹⁷ Lamun geus kitu neugtreug keneh, beberkeun perkarana ka sajamaah. Upama ku sajamaah ge teu mental, anggap eta dulur teh deungeun-deungeun anu teu

nganyahokeun ka Allah, atawa anggap bae tukang mulung pajeg.

¹⁸ Jeung Kami ngabejaan, naon bae anu ku maraneh di dunya ditolak, di sawarga ge bakal ditolak. Anu ku maraneh ditarima di dunya, di sawarga ge bakal ditarima.

¹⁹ Jeung iraha bae lamun maraneh di dunya mangnedakeun hiji perkara ku duaan, tangtu ku Rama Kami di sawarga dimakbul.

²⁰ Sabab di mana bae dua atawa tilu jelema kumpul mawa jenengan Kami, Kami bakal aya di dinya."

²¹ Petrus unjukan ka Yesus, "Gusti, upami pun dulur gaduh lepat ka abdi, sabaraha kali abdi kedah ngahampurana? Tujuh kali?"

²² "Lain tujuh kali. Kudu tujuh puluh kali tujuh kali," waler-Na.

²³ "Sabab Karajaan Sawarga teh saperti misil hiji raja anu rek mereskeun hutang badega-badegana.

²⁴ Sanggeus ngayakeun pamariksaan, aya badega anu dideuheuskeun, hutangna jutaan.

²⁵ Ku sabab teu bisaeun ngalunasan, ku raja dititah dijual jeung saanak bojona, katut sagala pangabogana pikeun ngalunasan hutangna.

²⁶ Eta badega ngarumpuyuk sujud bari ngalengis, Nyuhunkeun sarantos, tangtos bade dilunasan sadayana!

²⁷ Raja karunyaean, malah hutangna dibebaskeun.

²⁸ Ari geus di luar, eta badega teh amprok jeung badega deui anu boga hutang ka manehna rerebuan. Ku manehna ditongtak terus dicekek jeung disentak, Bayar hutang maneh!

²⁹ Baturna mani ngalengis bari deku, Sabar, menta tempo, engke ge dibayar!

³⁰ Ku manehna teu didenge, kalah ka dijebloskeun ka panjara nepi ka hutangna lunas.

³¹ Badega-badega sejen barang nyarahoeun eta kajadian kacida ngareneseunana, tuluy arunjukan ka raja.

³² Badega kejem teh disaur jeung dicarekan, Dasar badega tanpa guna! Maneh mani ngalengis ka kami, nepi ka hutang maneh ku kami dipupus,

³³ lantaran karunya. Cik maneh oge sing aya rasrasan ka batur!

³⁴ Raja kacida benduna, eta badega tuluy dijebloskeun ka panjara, dihukum, nunggu hutangna lunas kabeh."

³⁵ Saur Yesus deui, "Rama Kami nu di sawarga ge bakal kitu ka maraneh, kajaba lamun maraneh iklas ngahampura kasalahan dulur."

19¹ Sanggeus nyarios kitu Yesus angkat ti Galilea ka daerah Yudea peuntaseun Walungan Yordan.

²Nu naluturkeun loba pisan, sarta anu gareringna ku Anjeunna dicalageurkeun di dinya.

³Aya urang Parisi anu nyalampeurkeun ka Anjeunna rek ngadoja, nyual kieu, "Ari Hukum Agama urang ngidinan lalaki nyerahkeun bojona ku lantaran naon bae?"

⁴Waler Yesus, "Naha aranjeun can maca Kitab Suci anu nyebutkeun yen waktu Khalik mimiti ngadamel manusa, ngadamelna teh lalaki jeung awewe?

⁵Jeung Allah nimbalan, Ku hal eta lalaki bakal ninggalkeun indung bapana tuluy ngahiji jeung pamajikanana sarta duanana jadi satunggal.

⁶Ku sabab kitu duanana geus lain dua deui, tapi hiji. Ku lantaran kitu, anu geus dihijkeun ku Allah teu meunang dipisahkeun ku manusa."

⁷Ceuk urang Parisi, "Geuning Musa ngayakeun aturan yen lalaki kudu mere surat talak ka pamajikanana anu diserahkeun?"

⁸Waler Yesus, "Musa ngidinan soteh nyerahkeun lantaran aranjeun hese pisan diajar. Keur jaman ngajadikeun mah teu aya aturan kitu.

⁹Nu matak Kaula ngabejaan: lalaki anu nyerahkeun pamajikan padahal pamajikanana henteu nyelewer, lamun kawin deui jeung awewe sejen, eta lalaki teh ngaranyed."

¹⁰Ari ceuk murid-murid ka Anjeunna,
"Upami antawis salaki sareng pamajikan kitu
sualna mah atuh langkung sae henteu kawin."

¹¹Waler Yesus, "Pangajaran kieu lain
keur unggal jelema, ngan keur anu geus
dikersakeun ku Allah bae.

¹²Sababna jelema teu bisa kawin teh
rupa-rupa, aya nu geus perbawa ti barang
lahir, aya anu dilantarankeun ku pada jalma
nepi ka teu bisa kawin, aya oge anu ku
tekadna sorangan ngarah lugina kumawulana
ka Allah. Anu bisa narima ieu pangajaran, pek
lampahkeun kitu."

¹³Aya nu marawa barudak leutik ka
Yesus sina ditumpangan panangan jeung
didungakeun ku Anjeunna, tapi ku
murid-murid dicarekan.

¹⁴Saur Yesus ka murid-murid, "Ingkeun eta
barudak teh sina ka Kami, ulah dipegatan.
Sabab Karajaan Sawarga teh nya pikeun
jelema-jelema anu hatena saperti hate ieu
barudak."

¹⁵Ti dinya barudak teh ditumpangan
panangan jeung didungakeun. Geus kitu
Anjeunna angkat ti dinya.

¹⁶Dina hiji poe aya budak ngora datang
ka Yesus. "Pa Guru," carekna, "lampah
kumaha anu sae, anu kedah dilakonan ku
abdi supados tiasa kenging hirup langgeng?"

¹⁷Waler-Na, "Ku naon nanyakeun mana nu
hade? Nu hade mah ngan Hiji. Ari hayang

bisa meunangkeun hirup mah lampahkeun bae parentah-parentah Allah."

¹⁸"Parentah anu mana?" carekna deui. Waler Yesus, "Ulah maehan, ulah ngaranyed, ulah maling, ulah jadi saksi palsu,

¹⁹sing hormat ka indung bapa, jeung kudu nyaah ka batur cara ka diri sorangan."

²⁰"Eta mah parantos dilakonan," ceuk eta budak ngora. "Kedah kumaha deui?"

²¹Waler-Na, "Ari hayang sampurna mah jual kabeh sagala kaboga hidep, duitna serenkeun ka kaom miskin, geus kitu hidep ka dieu, tuturkeun Bapa."

²²Dipiwarang kitu teh eta budak ngora balikna nguyung, sabab loba pisan harta bandana teh.

²³Yesus ngalahir ka murid-murid, "Memang kacida hesena jelema beunghar mah asup ka Karajaan Sawarga teh.

²⁴Sakali deui, ceuk Kami kacida hesena jelema beunghar asup ka Karajaan Sawarga, leuwih hese ti batan onta moncor kana liang jarum."

²⁵Ngadarenge kitu teh murid-murid mani aroloholok, tuluy naranya, "Upami kitu mah atuh saha nu tiasa salamet?"

²⁶Yesus neuteup ka maranehna, geus kitu saur-Na, "Mustahil soteh ceuk manusa, keur Allah mah teu aya nu mustahil."

²⁷ Pihatur Petrus, "Tingali! Abdi-abdi parantos ngantunkeun sagala rupi, ngiring ka Bapa. Bakal kenging naon?"

²⁸ Waler-Na, "Sing percaya, engke dina Jaman Anyar, sarta Putra Manusa geus linggih dina tahta kamulyaana-Na, maraneh oge, dua welas urang panganut Kami bakal ngadiukan tahta, marentah ka dua welas kaom Israil.

²⁹ Jeung sing saha anu iklas najan kudu pisah ti imah, ti dulur lalaki, ti dulur awewe, atawa ti bapa, ti indung, ti anak, atawa ninggalkeun rajakaya lantaran leuwih beurat ka Kami, ganjaranana bakal saratus kalieun jeung diganjar hirup langgeng.

³⁰ Tapi nu ayeuna ti hareula, loba nu bakal jadi pandeuri. Anu ayeuna pandeuri, loba nu bakal jadi ti heula."

20¹ "Karajaan Sawarga teh saperti ieu misil. Aya hiji jelema, rebun-rebun indit neangan kuli rek digawekeun di kebon anggurna.

² Sanggeus mupakat yen buruh saurangna sapoe sauang perak sakumaha ilaharna, tuluy dititah mimiti digarawe.

³ Pukul salapan neangan deui ka pasar, nawaran gawe ka nu keur ngalanggur,

⁴ Mending digarawe di kebon angur kuring, buruhna pantes.

⁵ Nu ditawaran daraekeun. Pukul dua welas jeung pukul tilu neangan deui kuli.

⁶Sanggeus meh pukul lima neangan deui ka pasar. Seug nanya ka nu keur tingjaranteng, Ku naon ngalanggur bae sapoe jeput, ngalelebar waktu?

⁷Walonna, Teu aya nu ngulikeun. Tuluy ditawaran, Jung digarawe di kebon anggur kuring.

⁸Waktu sareupna nu boga kebon teh ngomong ka mandor, Kumpulkeun kuli-kuli, bayar. Heulakeun anu datangna pangburitna, terus nepi ka anu asup digawena pangheulana.

⁹Seug anu digarawena mimiti pukul lima sore dibayar ti heula, saurang sauang perak.

¹⁰Barang anu pangisukna rek dibayar, panyangkana rek dibayar leuwih, ari heug sarua saurang sauang perak.

¹¹Bari nampanan duit maranehna gegelendeng, pokna,

¹²Eta nu daratangna pandeuri digarawena ngan sajam, ari dibayarna bet sarua jeung kuring anu digarawe sapoe jeput bari papanasan!

¹³Jawabna ka nu saurang, Dulur! Aranjeun geus mupakat buruh saurangna sapoe sauang perak. Kuring henteu jalir.

¹⁴Tarima eta duit teh, jung baralik. Hanas ieu anu pangpandeurina ku kuring dibayar sarua jeung aranjeun, eta mah kumaha kuring.

¹⁵Na teu meunang kuring make duit sorangan sakahayang? Atawa aranjeun sirik nenjo kuring bageur?"

¹⁶Saur Yesus deui, "Tah kitu, anu pangpandeurina jadi ti heula, anu pangheulana jadi pangpandeurina."

¹⁷Di tengah jalan ka Yerusalem Yesus nyaur murid-murid dicandak nyisi, tuluy Anjeunna nyarios bari angkat,

¹⁸"Darengekeun," saur-Na, "urang ayeuna rek ka Yerusalem. Di ditu Putra Manusa teh bakal diserenkeun ka imam-imam kapala jeung guru-guru ahli hukum agama Yahudi, bakal diterapan hukum pati.

¹⁹Tuluy diserenkeun ka bangsa batur. Ku eta bakal dipoyok, dirangket, tuluy disalib. Tapi sanggeus maot tilu poe bakal dihirupkeun deui."

²⁰Sabot kitu, bojona Sebedeus ngaharempoy ka payuneun Anjeunna jeung anakna duaan, murid Anjeunna, ngunjukkeun panuhun.

²¹"Rek menta naon?" Yesus mariksa. Jawab eta awewe, "Upami Bapa engke parantos jumeneng Raja, ieu pun anak duaan mugi ditempatkeun di kiwaeun sareng tengeneun Bapa."

²²Saur Yesus ka eta dua murid, "Maraneh teu nyaho ka nu dipenta. Sanggup maraneh nginum eusi lumur anu rek diinum ku Kami, nya eta panganiayaan?" "Sanggem," jawabna.

²³"Memang maraneh ge bakal nginum eusi lumur Kami," waler Yesus. "Tapi Kami henteu wenang nangtukeun saha nu kudu diuk di kenga katuhueun Kami. Tempat eta mah pikeun jelema-jelema anu geus ditangtukeun ku Rama Kami."

²⁴Murid nu sapuluh urang deui ngadarenge pamenta kitu teh kacida arambekeunana ka eta dua sadulur.

²⁵Ku Yesus dipiwarang kumpul tuluy diwawadian, "Maraneh nyaho, bangsa anu teu nyaraho ka Allah mah nu jadi pamarentahna sakawenang-wenang, nu jaradi pamingpinna sakama-kama ka rahayatna teh.

²⁶Maraneh mah ulah kitu. Malah lamun hayang jadi nu punjul kudu ngawula ka nu sejen,

²⁷Lamun hayang jadi nomer hiji kudu daek ngawula ka nu rea.

²⁸Kudu sakumaha Anak Manusia, datangna lain rek menta dikawulaan, tapi rek ngawulaan jeung rek ngorbankeun nyawa-Na supaya jelema-jelema anu salamet."

²⁹Yesus jeung murid-murid kaluar ti Yeriho, loba pisan anu naluturkeun.

³⁰Di sisi jalan aya nu lolong duaan keur dariuk. Barang ngadarenggeeun Yesus ngalangkung, tuluy tinggarero, "Putra Daud! Sing hawatos ka abdi!"

³¹ Ku nu sejen disentak sina repeh, tapi ngagerona kalah ka beuki tarik, "Putra Daud! Sing hawatos ka abdi!"

³² Yesus liren heula tuluy mariksa, "Aya naon nyalukan Bapa?"

³³ "Hayang tiasa ningal, Juragan!" tembalna.

³⁴ Yesus welaseun, seug panon maranehna diusap, bray bae bareunta barisa nenjo, tuluy ngiring ka Anjeunna.

21 ¹ Yesus jeung murid-murid geus dareukeut ka Yerusalem, geus aya di Betpage di Gunung Jetun. Ti dinya Yesus miwarang dua murid sina ti heula,

² sarta dilahiran kieu, "Maraneh kudu ka kampung itu di hareup. Engke bakal manggih kalde keur dicangcang jeung anakna. Buka talina, bawa ka dieu duanana.

³ Mun aya anu ngomong kitu kieu bejakeun, Rek dianggo heula ku Gusti, harita keneh ge tangtu mikeun eta kalde dibawa."

⁴ Hal ieu teh supaya laksana ucapan nabi anu kieu:

⁵ "Bejakeun ka Sion, Itu Raja maneh sumping! Ngarendahkeun anjeun nitih kalde, kaldena anakna keneh."

⁶ Dua murid indit ngalakonan piwarangan.

⁷ Kalde geus dibawa jeung anakna. Nu anakna disasarapan tonggongna ku jubah maranehna, Yesus terus nitihan eta kalde.

⁸ Jalma-jalma loba anu ngalamparkeun jubahna di jalan, sawareh deui ngampar-

ngamparkeun dangdaunan beunang ngala
harita,

⁹ tuluy ngaleut di payuneun jeung di
pungkureun Anjeunna. Nu di tukang
tinggarero, "Wilujeng Putra Daud! Mugia
anu sumping kalawan pajenengan Pangeran
dirahmat ku Allah! Puji Allah!"

¹⁰ Barang Yesus lebet ka Yerusalem,
sakuliah kota geunjleung. "Saha eta?" urang
Yerusalem tingtaranya.

¹¹ Tembal nu ngarak, "Nabi Yesus ti Nasaret
di Galilea!"

¹² Yesus lebet ka Bait Allah. Anu keur jual
beuli di dinya diusiran. Meja-meja tukang
nalukeuran duit jeung bangku-bangku tukang
dagang japati dibalik-balikkeun.

¹³ Saur-Na, "Dina Kitab Suci disebut, kieu
dawuhan Allah: Bait Kami bakal disarebut
tempat paranti sembahyang. Ari ku maraneh
dijieun sayang begal!"

¹⁴ Jelema-jelema anu lolong jeung nu
cingked daratang ka Anjeunna di Bait Suci,
ku Anjeunna dicalageurkeun.

¹⁵ Imam-imam kapala jeung guru-guru
agama narenjo Anjeunna midamel kaahengan
teh arambekeun, turug-turug barudak
salusurakan di jero Bait Allah, "Wilujeng Putra
Daud!"

¹⁶ Tuluy maranehna negor ka Yesus,
"Kadenge ku Anjeun kecapna eta barudak?"
"Puguh bae," waler-Na. "Na aranjeun tacan

maraca ayat Kitab Suci anu kieu: Barudak sareng orok ku Gusti diajar ngucapkeun pamuji anu sampurna."

¹⁷ Geus kitu maranehna dikantun. Anjeunna terus ka Betania, ngawengi di dinya.

¹⁸ Poe isukna isuk-isuk keneh, waktu keur angkat deui ka kota, Yesus ngaraos lapar.

¹⁹ Di sisi jalan aya tangkal kondang tuluy dicaketan. Tapi teu aya buahna, daun wungkul. Ti dinya saur-Na ka eta tangkal, "Maneh moal buahan-buahan deui!" Dadak sakala eta tangkal teh jadi garing.

²⁰ Murid-murid mani aroloholok. "Ku naon enggal-enggal teuing garing eta tangkal teh?" ceuk maranehna.

²¹ Waler Yesus, "Maraneh ge, asal percaya jeung henteu cangcaya, bisa nyieun kitu cara Kami bieu ka eta tangkal kondang. Malah leuwih ti kitu. Pek ieu gunung titah kieu, Geura ngangkat, terus nyeburkeun maneh ka laut, tangtu bukti.

²² Nya kitu deui, neneda menta naon bae, asal hate percaya, tangtu dikabul."

²³ Yesus lebet deui ka Bait Allah. Sabot keur ngawulang, jol imam-imam kapala jeung para kokolot daratang ka dinya tuluy nanya, "Naon hak Anjeun migawe kitu? Meunang hak kitu ti saha?"

²⁴ Waler Yesus, "Kaula ge rek nanya ka aranjeun saperkara. Lamun kajawab, kakara

pertanyaan aranjeun perkara hak Kaula dijawab.

²⁵ Ari Yohanes kagungan hak ngabaptis ti saha? Ti Allah atawa ti manusa?" Maranehna jadi patanya-tanya pada batur, "Kudu kumaha jawabna? Lamun dijawab, Ti Allah, tangtu ceuk Manehna, Ku naon aranjeun teu percaya ka Yohanes?

²⁶ Lamun dijawab Ti manusa, sieun ku rahayat, sabab rahayat yakin Yohanes teh nabi."

²⁷ Tungtungna ngajawabna teh, "Duka teuing!" Saur Yesus, "Ari kitu mah Kaula moal ngabejakeun make hak naon Kaula migawe kieu."

²⁸ "Ayeuna kumaha ieu ceuk aranjeun. Aya hiji jelema boga anak lalaki dua. Ngomong ka anakna nu kolotan, Ujang, poe ieu kudu digawe di kebon anggur.

²⁹ Jawabna, Ah, alim! tapi lila-lila kaduhungeun, tuluy bae digawe.

³⁰ Bapana tuluy nitah ka anakna nu ngoraan cara tadi. Jawabna, Mangga, Bapa, tapi henteu digawe.

³¹ Tah, nu mana anu ngalampahkeun parentah bapana?" "Nu kolot," walon maranehna. Saur Yesus, "Aranjeun bakal kapiheulaan asup ka Karajaan Sawarga ku tukang-tukang mulung pajeg jeung ku awewe tuna susila.

³² Sabab aranjeun heunteu palercaya ka Yohanes Jurubaptis anu nuduhkeun jalan bener. Sabalikna tukang-tukang mulung pajeg jeung awewe-awewe tuna susila mah percayaeun. Ari aranjeun sakitu geus nenjo hal eta, pikiran teu robah-robah, ka anjeunna teu palercaya."

³³ "Aya deui misil. Aya tuan tanah muka kebon anggur, sakurilingna dipager, nyieun bak pameresanana jeung munara jaga. Tuluy disewakeun sina digarap ku nu sejen, ari manehna terus nyaba.

³⁴ Dina usum metik manehna nitahan bujang-bujangna sina narik hasil sewa kebonna ti nu nyarewa.

³⁵ Tapi bujang-bujangna teh ku anu nyarewa kebonna dipahala, diparaehan, aya nu diteunggeulan, aya nu dibaledogan ku batu.

³⁶ Tuan tanah nitahan bujang-bujang sejen leuwih loba, tapi sarua nasibna jeung nu ti heula.

³⁷ Tungtungna nu dititah teh anakna, pamikirna, Ku anak aing mah tangtu sarieuneun.

³⁸ Tapi barang eta datang, nu nyarewa kebon teh baradami, pokna, Ieu mah anakna. Urang paehan, warisanana jang urang!

³⁹ Tuluy dicerek, dijongklokkeun ka luaran kebon, tuluy dipaehan.

⁴⁰Cik, Iamun eta tuan tanah datang sorangan, bakal dikumahakeun eta nu nyarewa kebonna teh?"

⁴¹Tembalna, "Eta jelema-jelema jahat teh tangtu ditumpes, kebonna disewakeun deui ka nu sejen, anu pibenereun mere hasil sewa kebonna dina waktuna."

⁴²Saur Yesus, "Kumaha aranjeun geus maraca ayat Kitab Suci anu kieu? Batu anu teu kapake ku tukang ngadegkeun, ngajadi batu anu pangutamana. Kitu dipidamelna ku Pangeran, endahna kabina-bina!"

⁴³Saur Yesus deui, "Ku sabab kitu Kaula ngabejaan, hak aranjeun kana Karajaan Sawarga bakal dicabut, dibikeun ka bangsa sejen anu daraekeun ngajalankeun pangersa Allah.

⁴⁴[Anu ninggang kana eta batu tangtu remuk, anu katinggang tangtu bubuk.]"

⁴⁵Karasaeun ku imam-imam kapala jeung ku urang Parisi yen eta misil teh ku Yesus dianggo nyindiran maranehna.

⁴⁶Seug maranehna alihtiar rek nangkep Yesus. Tapi teu waranieun prak, sarieuneun ku jalma rea anu nganggap Yesus teh nabi.

22¹Yesus nyarioskeun deui misil ka jalma rea.

²"Karajaan Sawarga teh saperti ieu misil. Aya hiji raja rek nikahkeun putra pamegetna.

³ Miwarangan badega-badegana nyusulan ondangan sina geura daratang kana hajatna. Tapi nu disusulan arembungeun datang.

⁴ Raja miwarangan badega-badega sejenna, nepikeun amanat ka para ondangan, Hajat geus tarapti, geus mencitan sapi jeung anak sapi nu pangalusna, geus sadia sagala rupa. Mangga sarumping nungkulon hajat nikah.

⁵ Tapi nu diarondang teh arapi lain bae, tinglaleos ka pagaweanana, aya nu ka kebon, nu ka toko.

⁶ Malah aya nu terus ngarejeng ka badega-badega teh, terus ditareunggeulan, diparaahan.

⁷ Raja kacida benduna, tuluy ngirim balad numpes jelema-jelema nu maraehan, padumukanana dihuru.

⁸ Tuluy nimbalan ka badega-badega, Ieu hajat geus sakieu sadiana, tapi nu diarondang teh ayeuna mah geus teu layak ka darieu.

⁹ Ku sabab eta pegat ka jalan-jalan gede, nu laliwat saha bae ajak ka dieu, sing loba.

¹⁰ Badega-badega arindit, sakur nu liwat, nu bageur nu jahat kabeh diajak kana pesta, balandongan hajat pinuh.

¹¹ Raja lebet ka balandongan ningalian. Ret katingalieun aya semah saurang anu henteu make pakean pesta,

¹² tuluy dipariksa, Ki Sanak, ku naon henteu make pakean pesta? Jelemana ngabetem bae.

¹³Raja nimbalan ka abdi-abdina, Barogod ieu jelema leungeunna jeung sukuna, alungkeun ka nu poek, sina ceurik nandangan sangsara."

¹⁴Saur Yesus deui, "Anu disaur mah loba, tapi anu kapilih ngan saeutik."

¹⁵Urang Parisi ngalaleos, tuluy badami rek ngajiret Yesus ku pertanyaan-pertanyaan.

¹⁶Ti dinya nitah murid-muridna nemonan Yesus dibarengan ku jelema-jelema golongan Herodes. "Pa Guru," ceuk maranehna, "abdi terang Bapa jalmi jujur. Bapa ngawurukkeun pangersa Allah ka manusa kalayan satarabasna, henteu inggis ku pamanggih nu sanes, margi Bapa mah henteu pandang harkat.

¹⁷Ku margi kitu, kumaha pamendak Bapa perkawis mayar pajeg ka Prabu Rum, ngarempak Hukum Agama urang atanapi henteu?"

¹⁸Yesus, anu uningaeun kana eta maksud julig ngawaler, "Eh, anu marunapek! Rek mancing kasalahan Kami maraneh teh?

¹⁹Coba kadieuukeun duit anu ku maraneh sok dipake mayar pajeg!" Maranehna ngarasongkeun duit.

²⁰"Gambar jeung jenengan saha ieu?" Yesus mariksa.

²¹"Prabu," jawab maranehna. Saur Yesus, "Bayarkeun ka Prabu nu kagungan Prabu, bayarkeun ka Allah nu kagungan Allah."

²² Diwaler kitu maranehna ngaharuleng tuluy arindit.

²³ Dina poe eta keneh aya deui anu daratang ka Yesus, urang Saduki. Ieu golongan henteu percaya yen jelema bakal harudang deui tina maotna.

²⁴ "Guru," carekna, "Musa ngajardeun, upama hiji jelema maot teu gaduh anak, randana kudu dikawin ku dulur nu maot supaya gaduh anak anu bakal diakukeun ka nu parantos maot tea.

²⁵ Kapungkur di dieu kantos aya tujuh jalmi adi lanceuk. Nu cikal kawin tuluy maot, urut bojona dikawin ku nu kadua.

²⁶ Nu kadua maot, awewena dikawin ku nu katilu, kitu bae saterusna nepi ka maraot tujuhanana.

²⁷ Ahirna awewena oge maot.

²⁸ Tah dina waktos nu maraot teh dihirupkeun deui, bojo saha eta awewe teh? Margi tujuhanana parantos ngawin manehna."

²⁹ Waler Yesus, "Aranjeun kacida kaliruna, lantaran tacan ngalarti kana Kitab Suci jeung kana kakawasaan Allah.

³⁰ Jelema sanggeus hirup deui tina paehna, kaayaanana bakal saperti malaikat di sawarga jeung moal kawin deui.

³¹ Kumaha aranjeun tacan maca timbalan Allah ngeunaan dihirupkeunana deui anu maraot? Dawuhan Allah kieu,

³² Kami teh Allahna Ibrahim, Allahna Ishak, jeung Allahna Yakub. Allah teh Allahna anu harirup, iain Allah pikeun nu paraeh."

³³ Jalma rea mah ngadenge eta piwulang teh kacida raresepeunana, mani arolohog.

³⁴ Barang urang Parisi meunang beja yen Yesus geus ngabungkem urang Saduki, tuluy bareng ngadatangan ka Anjeunna.

³⁵ Nu saurang guru agama Yahudi, nyual ka Anjeunna rek ngadoja,

³⁶ pokna, "Guru, parentah nu mana dina Hukum Agama anu pangutamana?"

³⁷ Waler-Na, "Masing nyaah ka Pangeran Allah maneh terus jeung hate, terus jeung nyawa, sarta terus jeung budi akal.

³⁸ Ieu parentah anu pangutamana jeung pangpentingna.

³⁹ Nu kadua sarua pentingna, nya eta: Masing nyaah ka batur kawas ka diri sorangan.

⁴⁰ Sakabeh eusi Hukum Musa jeung pangajaran nabi-nabi lianna, gumantungna ka ieu dua parentah."

⁴¹ Sabot urang Parisi di darinya keneh ku Yesus dipariksa,

⁴² "Kumaha ari ceuk aranjeun, turunan saha ari Kristus?" "Turunan Daud," tembalna.

⁴³ "Lamun kitu," saur Yesus, "ku naon Roh Allah maparin ilham ka Daud supaya nyebut Gusti ka Kristus? Geuning saur Daud oge:

⁴⁴ Pangeran ngadawuh ka Gusti kaula: Calik di dieu, katuhueun Kami, nepi ka sakabeh musuh Hidep taraluk nyaruuh ka Hidep.

⁴⁵ Kumaha nu matak Kristus disebut turunan Daud, sabab Daud nyebut ka Anjeunna teh Gusti?"

⁴⁶ Maranehna teu bisa ngajawab sakecap-kecap acan ka Yesus. Ti semet harita teu aya anu wanieun deui nyual ka Anjeunna.

23¹ Yesus terus nyarios ka jalma rea jeung ka murid-murid.

²"Guru-guru agama Yahudi jeung urang Parisi baroga kawasa napsirkeun Hukum Musa.

³Sagala parentahna anu tumali jeung eta kudu diturut. Tapi ku sabab maranehna sorangan henteu nurut kana eta aturan, kalakuanana mah ulah ditiru.

⁴Ka batur ngawajibkeun ngalakonan anu sakitu beuratna, ari maranehna teu ngutekkeun curuk-curuk acan ngabantu batur anu ngalakonan eta kawajiban.

⁵Ngalampahkeun naon bae maranehna mah salawasna ngan hayang kaciri ku batur. Tenjo tameungkeut tarang jeung leungeunna anu ditulisan ku ayat-ayat Kitab Suci, sakitu rarubakna! Tenjo raranis jubahna, sakitu paranjangna!

⁶Dina pesta-pesta, tempatna milih anu pangeunahna. Di imah-imah ibadah korsina pangaralusna.

⁷ Karesepna lamun pada ngabageakeun jeung pada ngajenan di pasar-pasar, jeung hayang disarebut Ama Guru.

⁸ Maraneh mah tong daek disebut Ama Guru, da Guru maraneh ngan hiji sarta maraneh teh sadulur.

⁹ Jeung ulah nga-Ama-keun ka sasama jalma di dunya, sabab Rama maraneh mah ngan hiji, di sawarga.

¹⁰ Ulah daek disebut Pamingpin, sabab nu jadi pamingpin teh ngan hiji nya eta Kristus, Jurusalamet.

¹¹ Anu pangpunjulna di maraneh, kudu purun kumawula ka sarerea.

¹² Anu ngaluhurkeun maneh tangtu dikahandapkeun, sabalikna anu ngahandapkeun maneh bakal dikaluhurkeun."

¹³ "Cilaka engke aranjeun guru-guru agama jeung urang Parisi, tukang pura-pura! Aranjeun meundeutan lawang Karajaan Sawarga, sorangan embung asup, nu harayang asup dihalang-halang!

¹⁴ [Cilaka engke aranjeun guru-guru agama jeung urang Parisi, tukang pura-pura! Aranjeun macikeuh randa-randa, ngarampas imahna, bari pura-pura mangdoakeun panjang naker sangkan teu kaciri jahat.

Hukuman aranjeun engke kacida beuratna!]

¹⁵ Cilaka engke aranjeun guru-guru agama jeung urang Parisi, tukang pura-pura! Aranjeun meuntas laut ngambah darat,

neangan anu daekeun asup kana agama aranjeun saurang-urangeun. Ari geus meunang bet dijadikeun calon eusi naraka, jadi jahat leuwih ti batan aranjeun.

¹⁶Cilaka engke aranjeun, pamingpin-pamingpin lalolong! Ceuk pangajaran aranjeun, Jelema anu sumpah demi Bait Allah henteu kabeungkeut ku sumpahna, tapi anu sumpah demi emas eusi Bait Allah mah kabeungkeut.

¹⁷Aranjeun nya barodo nya lalolong! Mana anu leuwih penting, emasna atawa Bait Allah, anu ngalantarankeun eta emas jadi suci?

¹⁸Jeung ceuk pangajaran aranjeun, Jelema anu sumpah demi altar, henteu kabeungkeut ku sumpahna, tapi anu sumpah demi pangbakti dina altar mah kabeungkeut.

¹⁹Pohara lolongna aranjeun teh! Cik mana anu leuwih penting, pangbaktina atawa altarna anu nyucikeun eta pangbakti?

²⁰Jadi sumpah demi altar teh nya demi altarna nya demi pangbaktina anu geus aya dina altar.

²¹Sumpah demi Bait Allah, nya demi Baitna nya demi Allah anu linggih di eta Bait.

²²Sumpah demi sawarga, nya demi singgasana Allah nya demi Allah anu linggih dina eta singgasana.

²³Cilaka engke aranjeun guru-guru agama jeung urang Parisi, tukang pura-pura! Ari mere perpuahan ka Allah mani nepi ka

bungbu-bungbu kayaning pala, jinten jeung katuncar. Tapi anu enya-enya penting anu diajarkeun ku Hukum, saperti: kudu adil, karunyaan jeung jujur, ku aranjeun teu dipirosea. Lakonan heula anu ieu, tapi ulah ngalalaworakeun anu sejenna.

²⁴ Aranjeun pamingpin anu lalolong! Laleur dina inumeun disaring, ari onta diteureuy buleud!

²⁵ Cilaka engke aranjeun guru-guru agama jeung urang Parisi, tukang pura-pura! Cangkir jeung piring luarna diberesihan, ari jerona kotor pinuh ku daki paksa-pirusa jeung ku beubeunangan tina kasarakahan.

²⁶ Eh nu lalolong, urang Parisi! Jerona heula beresihan cangkir teh, kakara luarna.

²⁷ Cilaka engke aranjeun guru-guru agama jeung urang Parisi, tukang pura-pura! Aranjeun ibarat kuburan dikapur bodas, ti luarna siga alus, ari eusina tulang-taleng jeung mayit buruk.

²⁸ Aranjeun oge kitu; ti luar katembongna ku jalma rea mah hade, padahal di jerona pinuh ku kapalsuan jeung dosa."

²⁹ "Cilaka engke aranjeun guru-guru agama jeung urang Parisi, tukang pura-pura! Aranjeun ngalus-ngalus makam para nabi, ngahias tugu-tugu katineung ka jelema-jelema anu keur hirupna harade lampah,

³⁰sarta aranjeun ngakukeun, yen mun hirup sajaman jeung karuhun moal nyieun kalakuan cara maranehna, jeung moal maehan nabi-nabi.

³¹Tah geuning ngaraku sorangan yen aranjeun teh turunan tukang maehan nabi-nabi!

³²Tuluykeun atuh ku aranjeun sing anggeus kajahatan anu dimimitian ku karuhun teh!

³³Aranjeun teh saenyana mah jarahat, turunan jelema jararahat! Rek bisa ngejat kumaha engke tina siksa naraka?

³⁴Ku sabab kitu Kaula ngabejaan, yen Kaula rek ngutus nabi-nabi, jalma-jalma bijaksana jeung guru-guru; engke ku aranjeun aya anu diparaahan, aya anu disalibkeun, sawareh deui disiksa di imah-imah ibadah, jeung aya anu diberik ka unggal kota.

³⁵Upama engke aranjeun nanggung hukuman tina sakabeh perkara maehan jalma-jalma nu teu baroga salah, mimiti ti perkara maehan Habil nu teu salah naon-naon, nepi ka perkara maehan Jakaria anak Berekya antara Bait Allah jeung altar.

³⁶Sing percaya: Hukuman tina eta sakabeh perkara maehan teh tangtu ninggang ka jelema-jelema jaman ayeuna!"

³⁷"Yerusalem, Yerusalem! Maneh geus maehan nabi-nabi, maledogan utusan-utusan Allah ka maneh, ku batu! Sering pisan Kami nyileuk hayang ngarangkul rahayat

maneh cara hayam nyirekeman anakna ku jangjangna, tapi maneh embung!

³⁸Ku sabab kitu Bait Allah anu maneh, engke bakal kosong pada naringgalkeun.

³⁹Jeung ti semet ieu, Kami ngabejaan, maneh moal nenjo-nenjo deui Kami, nepi ka maneh ngucap kieu, Mugia diberkahan ku Allah anu sumping kalawan pajenengan Pangeran."

24 ¹Waktu Yesus angkat ngantunkeun Bait Allah, murid-murid-Na nyalampeurkeun, terus nunjuk ka eta Bait supaya Anjeunna ningali adegan-adeganana.

²"Enya, eta kabeh ayeuna ku maraneh katenjo," saur Yesus. "Kami ngabejaan, engke mah sahiji ge batuna moal aya anu tetep nyusun dina tempatna ayeuna, bakal dirugrugkeun."

³Yesus ngareureuh di Gunung Jetun. Murid-murid nyalampeurkeun teu jeung sasaha deui. Tuluy miunjuk, "Mugi diwartoskeun, anu tadi disaurkeun teh iraha pijadieunana? Kitu deui perkawis pisumpingeun Bapa engke sareng ahir jaman, kumaha galagatna?"

⁴Waler Yesus, "Maraneh sing iyatna ulah beunang kaperdaya.

⁵Sabab engke bakal loba anu ngaku-ngaku, Kami Kristus, Jurusalamet! Loba nu bakal katipu.

⁶Maraneh bakal ngadenge dur-derna perang di nu deukeut, ngadenge seja-beja perang

di nu jarauh, tapi ulah sarieun. Pasti eta teh baris kajadian, tapi lain hartina geus kiamat.

⁷ Bangsa-bangsa silih perangan, nagara-nagara silih tarajang. Bala kalaparan jeung lini di mana-mana.

⁸ Eta kabeh kajadian kakarek ngamimitianana ibarat mimiti nyalingitna kanyeri anu rek ngajuru.

⁹ Geus kitu maraneh bakal ditangkep, diserenkeun sangkan disiksa, dipaahan. Bakal dipikageuleuh ku unggal jelema dumeh anut ka Kami.

¹⁰ Jaman eta bakal loba anu murtad, silih hianat, silih pikageuleuh.

¹¹ Nabi-nabi palsu barijil, loba anu bakal kasasarkeun.

¹² Ku nerekab-nerekabna kajahatan, jelema-jelema teh nepi ka leungit kanyaahna.

¹³ Tapi sing saha anu tabah nepi ka panungtungan bakal dirahayukeun.

¹⁴ Geus kitu ieu Injil Kasalametan anu mertelakeun hal Karajaan Sawarga bakal diuarkeun ka sakuliah dunya, kadenge ku unggal jelema, geus kitu kakara datang poe kiamat."

¹⁵ "Maraneh bakal nenjo Si Pikasieuneun anu baheula diucapkeun ku Nabi Daniel tea ngajega di tempat suci." (Para maos! Mangga manahan naon eta teh pihartoseunana!)

¹⁶ "Lamun eta mangsa enggeus datang, nu araya di Yudea kudu lalumpat ka pagunungan.

¹⁷ Nu keur aya di suhunan imah ulah nyokot nanaon heula ti jero imah.

¹⁸ Nu keur aya di tegal ulah balik heula nyokot jubah.

¹⁹ Pikeun awewe-awewe anu harita keur kakandungan jeung anu keur nyarusuan orok, poe-poe eta teh kacida matak paurna!

²⁰ Kudu neneda ka Allah, muga-muga waktu maraneh kabur teh ulah ninggang dina usum hujan atawa keur poe Sabat!

²¹ Sabab eta mangsa cilaka teh ngabalangsakkeunana leuwih-leuwih ti jaman nu enggeus-enggeus ti barang dunya gumelar nepi ka ayeuna, tur moal aya deui anu saperti kitu.

²² Tapi eta mangsa teh ku Allah disinggetkeun waktuna. Sabab lamun henteu, saurang ge moal aya nu salamet. Allah nyinggetkeun eta mangsa teh lantaran ngaraskeun ka umat pilihana-Na.

²³ Lamun harita aya anu nyebut, Tah ieu Kristus! atawa, Tuh itu Kristus! ulah percaya.

²⁴ Sabab bakal loba Kristus palsu jeung nabi-nabi palsu; maranehna bakal nyarieun kaahengan jeung kaajaiban pikeun nипу, lamun bisa mah ka umat pilihan Allah oge.

²⁵ Maraneh ku Kami geus dibejaan ti ayeuna, supaya iyatna.

²⁶ Atawa lamun aya nu ngomong, Tuh! Di ditu Kristus teh di gurun keusik! maraneh ulah ka ditu. Atawa lamun ceuk maranehna,

Tah, ieu di dieu Kristus teh keur nyumput!
ulah percaya.

²⁷ Putra Manusa mah pisumpingeuna-Na lir kilat meuntasan langit ngabaranyay ti wetan ka kulon.

²⁸ Di mana aya bangke, manuk bangke ngarubung di dinya."

²⁹ "Moal lila ti sabada kabalangsakan mangsa eta, panonpoe bakal poek, bulan henteu cahayaan, bentang-bentang ragragan ti langit, kakuatan-kakuatan langit malengpar tina jalanna.

³⁰ Geus kitu tembong di langit tanda Putra Manusa. Barang narenjo Putra Manusa sumping nitih mega di langit tur kawasa jeung kacida agungna, jelema-jelema bakal ear sasambat.

³¹ Tarompet gede bakal disadakeun, sarta Putra Manusa bakal ngutus para malaikat-Na ka opat madhab bumi, ngumpulkeun umat pilihan Anjeunna ti sakuliah jagat, ti tungtung nepi ka tungtung."

³² "Tenjo tangkal kondang, aya papatahna. Lamun regang-regangna geus ngahejoan, ngaleuleusan jeung sarirungan, eta tandana geus tereh usum panas.

³³ Nya kitu, lamun hal-hal anu bieu disebut geus kajadian, eta tandana yen geus tereh panungtungan, geus mimiti ahir jaman.

³⁴ Inget, eta sakabeh perkara bakal kajadian samemeh jelema-jelema anu harirup ayeuna paraeh kabeh.

³⁵ Langit jeung bumi bakal musna, tapi pangandika Kami mah moal musna."

³⁶ "Tapi iraha poena, iraha jamna, jelema taya nu nyaho, para malaikat henteu, Putra Manusa ge henteu. Ngan Rama anu uninga.

³⁷ Pisumpingeunana Putra Manusa teh bakal cara keur jaman Enoh.

³⁸ Memeh aya caah gede, jelema-jelema gawena nyatu, nginum, kawin, kitu bae nepi ka waktuna Enoh lebet kana kapal.

³⁹ Tapi jelema-jelema teh teu arengeuheun aya kajadian naon, nyaho-nyaho geus ger caah. Kaayaan dina waktu pisumpingeunana Putra Manusa oge bakal kitu.

⁴⁰ Dina mangsa eta, dua jelema anu keur digarawe di kebon, nu saurang bakal dibawa, nu saurang deui ditinggalkeun.

⁴¹ Dua awewe anu keur ngagiling gandum, nu saurang bakal dibawa, nu saurang deui ditinggalkeun.

⁴² Ku sabab eta sing iyatna, sabab maraneh teu nyaho iraha pisumpingeunana Gusti maraneh.

⁴³ Coba lamun nu boga imah nyahoeun iraha pidatangeunana bangsat, tangtu bakal taki-taki supaya ulah nepi ka kabongkaran.

⁴⁴ Jadi maraneh kudu caringcing salalawasna, sabab pisumpingeunana Putra Manusa teh ku maraneh moal kasangka-sangka."

⁴⁵ Saur Yesus deui, "Cik nu disebut gandek satia jeung bijaksana teh nu kumaha? Tangtu ku dununganana baris dipercaya ngurus dahar gandek-gandek lianna saban-saban geus waktuna.

⁴⁶ Untung eta gandek, lamun dununganana datang kasampak keur ngalakonan kawajibana.

⁴⁷ Ku dununganana tangtu bakal dipercaya nguruskeun sagala harta bandana.

⁴⁸ Tapi lamun eta gandek teu satia, hatena bakal ngomong yen dununganana moal balik tereh-tereh,

⁴⁹ tuluy mimiti tanggal-teunggeul ka sasama gandek, sarta dahar nginum jeung tukang-tukang mabok.

⁵⁰ Geus kitu dununganana datang dina poe anu ku manehna teu kasangka-sangka, jeung teu diarep-arep.

⁵¹ Geus tangtu ku dununganana disiksa bebeakan, terus dipiceun ka tempat paragi ngabuang jelema-jelema munapek, batil bisa ceurik nepi ka huntuna tingkereket."

25 ¹"Dina mangsa pisumpingeunana Putra Manusa, Karajaan Sawarga teh kawas ieu misil. Aya sapuluh mojang arindit marawa lampu, rek mapagkeun panganten lalaki.

²Nu lima barodo, nu lima deui caringcing.

³Anu barodo ngan marawa lampu bae wungkul, henteu marawa minyak keur nambahana.

⁴Sabalikna anu caricing mah minyak keur nambahana oge marawa.

⁵Panganten datangna elat, nepi ka mojang-mojang teh tarunduheun tuluy kasarean.

⁶Sanggeus tengah peuting aya anu ceceluk, Panganten datang! Papagkeun!

⁷Mojang-mojang tingkorejat tuluy pakepuk maruru lampuna.

⁸Ceuk nu barodo ka nu caringcing, Bagi minyakna saeutik, lampu kuring rek pareum.

⁹Ceuk nu caringcing, Teu bisa! Moal mahi dipake ku duaan mah. Meuli we ka warung!

¹⁰Nu barodo arindit mareuli heula minyak. Sabot kitu panganten datang manten, tuluy diiring ku mojang-mojang anu caringcing ka tempat pesta, panto tempat pesta tuluy dikonci.

¹¹Sanggeus rada lila mojang-mojang barodo teh daratang ka dinya gegeroan, Juragan! Ieu abdi widian lebet!

¹²Ku panganten lalaki dijawab, Teu, kami teu wawuh ka maraneh!"

¹³Saur Yesus deui, "Ku sabab kitu sing taki-taki, sabab maraneh teu nyaho iraha piwaktueunana."

¹⁴"Dina mangsa pisumpingeunana Putra Manusa, Karajaan Sawarga teh kawas ieu misil. Aya hiji jelema rek indit nyaba, nyalukan bujang-bujangna rek nitipkeun duitna.

¹⁵Ari nitipkeunana kumaha kasanggupan bujang-bujangna bae. Ka nu saurang nitipkeunana lima rebu uang emas, ka nu saurang deui dua rebu, jeung ka nu saurang deui sarebu. Geus kitu indit nyaba.

¹⁶Bujang anu dititipan lima rebu buru-buru ngagolangkeun duitna, meunang untung lima rebu deui.

¹⁷Anu dititipan dua rebu oge duitna digolangkeun, meunang untung dua rebu deui.

¹⁸Ari anu dititipan sarebu anggur ngali lombang, duit dununganana teh dipendem.

¹⁹Lila ti lila dununganana balik, tuluy balitungan.

²⁰Bujang anu dititipan lima rebu datang mawa duit titipan jeung batina lima rebu. Abdi ku Juragan dititipan artos lima rebu, nyaritana ka dununganana. Sareng ieu anu lima rebu deui batina.

²¹Ceuk dununganana, Alus, maneh jalma hade, gumati. Maneh geus bisa dipercaya nyekel anu leuleutikan, ku kami rek dipercaya nyekel leuwih gede. Ayeuna urang suka-suka jeung kami!

²²Bujang anu dititipan dua rebu datang. Abdi ku Juragan dititipan artos dua rebu, nyaritana ka dununganana. Sareng ieu anu dua rebu deui batina.

²³Ceuk dununganana, Alus, maneh jalma hade, gumati. Maneh geus bisa dipercaya nyekel anu leuleutikan, ku kami rek dipercaya nyekel leuwih gede. Ayeuna urang suka-suka jeung kami!

²⁴Bujang anu dititipan sarebu datang. Juragan, carekna, abdi terang Juragan teh jalmi keras. Juragan ngala buah sanes di tempat pelak ku anjeun, ngala panen sanes di tempat kenging tebar ku anjeun.

²⁵Ku margi sieun, artos Juragan teh ku abdi diruang dina taneuh. Ieu artosna.

²⁶Jalma goreng hate, jeung pagedulan! ceuk dununganana. Jadi nyaho maneh yen kami ngala buah lain di tempat pelak kami, ngala panen lain di tempat beunang kami tebar?

²⁷Benerna ari nyaho kitu, duit kami teh pelak di bang, sangkan ari kami datang eta duit geus anakan.

²⁸Cokot duit kami ti ieu jelema, bikeun ka nu duitna geus jadi sapuluh rebu.

²⁹Sabab anu geus beubeunangan ku kami rek ditambahan sina leuwih loba, leuwih ti cukup. Sabalikna anu henteu beubeunangan, dalah nu aya di manehna kajeun kacida saeutikna ku kami rek dicokot.

³⁰ Ieu bujang tanpa guna teh jongklokkeun ka ditu ka tempat nu poek, sina gegerungan tibeberegeg!"

³¹ "Dina waktu sumping-Na engke, Putra Manusa teh geus jadi Raja, diiring ku sakabeh malaikat-Na, seug nyalikan tahta-Na anu mulya.

³² Jelema-jelema saalam dunya bakal dijagragkeun ka payuneuna-Na. Anjeunna bakal misah-misahkeun maranehna jadi dua bagian, saperti pangangon misah-misahkeun domba ti embe.

³³ Nu balener sina kumpul di tengeneuna-Na, sesana di kiwaeuna-Na.

³⁴ Raja bakal ngalahir kieu ka nu di tengeneuna-Na, Ka darieu aranjeun, anu diberkahan ku Rama Kami. Geura arasup ka Karajaan anu geus disadiakeun pikeun aranjeun, ti barang dunya gumelar.

³⁵ Bareto waktu Kami lapar ku aranjeun dibere dahar, waktu halabhab dibere nginum, waktu keur jadi semah asing diaku dianjrekkeun,

³⁶ waktu keur sataranjang dibere pakean, waktu keur gering dipulasara, waktu keur dipanjara dilongokan.

³⁷ Jawab nu balener, Gusti, waktos Gusti lapar teh iraha abdi-abdi ngahaturanan tuang, atanapi waktos Gusti hanaang iraha abdi-abdi ngahaturanan ngaleueut?

³⁸ Waktos Gusti jadi semah asing, iraha abdi-abdi nganjrekkeun?

³⁹ Waktos Gusti teu diraksukan iraha abdi-abdi ngahaturanan raksukan? Waktos Gusti teu damang, waktos Gusti dipanjara, iraha abdi-abdi mulasara, iraha abdi-abdi ngalayad?

⁴⁰ Waler-Na, Kieu saenyana ku Kami diterangkeun: Waktu aranjeun ngalampahkeun kitu ka salah sahiji dulur Kami anu panglaipna, eta sarua jeung ngalampahkeun kitu ka Kami!

⁴¹ Ari ka nu di beulah kenga kieu lahir-Na, Geura nyaringkah ti Kami, eh maraneh anu disapa ku Allah! Geura les arasup ka jero seuneu langgeng anu geus disadiakeun pikeun Iblis jeung para malaikatna!

⁴² Keur Kami lapar maraneh teu mere dahar, keur Kami halabhab maraneh teu mere nginum,

⁴³ keur Kami jadi semah asing maraneh teu nganjrekkeun, keur Kami teu boga baju-baju acan maraneh teu mere, keur Kami gering maraneh teu ngurusanan, keur Kami dipanjara maraneh teu mirosea!

⁴⁴ Maranehna bakal ngajarawab kieu, Gusti! Iraha abdi-abdi ningal Gusti lapar, hanaang, jadi semah asing, teu kagungan raksukan, teu damang, dipanjara, lajeng abdi-abdi teu nulungan?

⁴⁵ Waler Raja, Kieu mun harayang nyaho:
Samangsa-mangsa maraneh embung nulung
ka salah sahiji dulur Kami anu panglaipna,
sarua jeung embung nulung ka Kami."

⁴⁶ "Eta jelema-jelema anu karitu bakal
dijongklokkeun ka tempat siksaan langgeng,"
saur Yesus. "Ari anu balener, anu ngalakonan
pangersa Allah, bakal hirup bagja tur
langgeng."

26¹ Sanggeus nyarios kitu Yesus nyarios
deui ka murid-murid, saur-Na,

² "Maraneh nyaho dua poe deui Pesta Paska,
Putra Manusa teh bakal diserenkeun terus
disalibkeun."

³ Harita imam-imam kapala jeung para
kokolot bangsa Yahudi mah keur kumpul di
karaton Kayapas, Imam Agung.

⁴ badami arek nangkep Yesus kalawan rikip,
baris tuluy ditelasan.

⁵ "Tapi nangkepna ulah dina waktu keur
pesta," ceuk maranehna, "sabab rahayat
tangtu rusuh."

⁶ Yesus sumping ka Betania, linggih ka imah
Simon anu baretona katerap ku lepra.

⁷ Sabot keur tuang, datang hiji awewe mawa
goci dieusi minyak seungit anu mahal ka
Anjeunna, minyak teh tuluy dikucurkeun kana
mastaka-Na.

⁸ Murid-murid narenjo kitu teh jadi
arambekeun, "Ku naon dihahambur kitu eta
teh?" ceuk maranehna.

⁹"Eta minyak bisa dijual mahal, duitna jang kaom miskin!"

¹⁰Yesus uninga pikiran maranehna nu saenyana. "Ku naon maraneh openan ka ieu awewe?" saur-Na. "Manehna geus nembongkeun kalemesan jeung kamulyaan budina ka Kami.

¹¹Nu mariskin mah salawasna ge aya bae jeung maraneh, tapi Kami mah aya di maraneh teh moal salilana.

¹²Ieu awewe ngucuran Kami ku minyak seungit teh saenyana makelatkeun Kami waktu pamakaman Kami engke.

¹³Sing percaya: Di mana bae Injil diwawarkeun di sakuliah dunya, kahadean ieu wanita ka Kami geus tangtu bakal disebut, dijejer pangeling-eling ka manehna."

¹⁴Aya hiji murid ti antara nu dua welas, ngaranna Yudas Iskariot, datang ka imam-imam kapala.

¹⁵"Upami abdi nyerenkeun Yesus ka Bapa-bapa, naon buruhna?" carekna. Imam-imam kapala ngitung duit tilu puluh gebleg perak, tuluy diserenkeun ka Yudas.

¹⁶Ti harita Yudas neangan kasempetan rek nyerenkeun Yesus ka imam-imam kapala.

¹⁷Dina poe kahiji Pesta Roti Teu Diragian, murid-murid arunjukan ka Yesus, "Bapa palay di mana disayagikeunana tuang jamuan Paska teh?"

¹⁸ Waler-Na, "Tepungan hiji jelema di kota. Caritakeun ka manehna kieu: Saur Pa Guru, Kaula geus tereh nepi ka wanci. Kaula seja mestakeun Paska jeung murid-murid di bumi andika."

¹⁹ Murid-murid arindit nedunan piwarangana-Na, terus nyadiakeun tuangeun keur jamuan Paska.

²⁰ Sanggeus rada peuting Yesus calik tuang jeung murid-murid.

²¹ Bari tuang Anjeunna nyarios, "Kami mere nyaho, ti maraneh aya saurang nu rek hianat ka Kami."

²² Murid-murid mani tingrarenjag. "Tangtos sanes abdi nu dimaksad ku Gusti teh?" ceuk maranehna naranyakeun silihgenti.

²³ Waler-Na, "Anu rek ngahianat teh nya eta anu engke bantrok jeung Kami nyelupkeun roti kana mangkok.

²⁴ Memang Putra Manusa teh kudu tiwas. Hal eta geus disebutkeun dina Kitab Suci. Tapi kacida cilakana engke eta anu ngahianat ka Putra Manusa teh! Leuwih hade lamun eta jelema henteu kungsi lahir ka dunya!"

²⁵ Ceuk Yudas, si hianat tea, "Tangtos jalmina sanes abdi, Pa Guru?" Waler Yesus, "Kitu ceuk maneh mah."

²⁶ Tengah-tengah tuang Yesus nyandak roti hiji. Sanggeus muji sukur, rotina ku Anjeunna disemplekan tuluy diasongkeun

ka murid-murid. "Ieu tampanan, dahar," saur-Na, "ieu teh daging awak Kami."

²⁷ Ti dinya Anjeunna nyandak lumur anggur. Sanggeus muji sukur, lumur diasongkeun ka murid-murid. "Ieu inum ku sarerea," saur-Na,

²⁸ "ieu teh getih Kami anu neguhkeun perjangjian Allah, getih anu dikucurkeun pikeun jalma rea geusan ngahampura dosa-dosana.

²⁹ Kami ngabejaan, ti semet ieu Kami moal nginum deui anggur ieu, nepi ka waktu engke nginum anggur anu anyar jeung maraneh di Karajaan Rama Kami."

³⁰ Sanggeus kitu aranjeunna nganyanyikeun hiji lagu pupujian. Ti dinya terus kaluar, ngajugjug ka Gunung Jetun.

³¹ Yesus nyarios, "Peuting ieu keneh maraneh bakal kalabur ti Kami. Sabab ceuk Kitab Suci, Eta pangangon ku Allah baris dipaehan, dombana disina paburisat.

³² Tapi sanggeus Kami dihirupkeun deui, Kami rek miheulaan maraneh ka Galilea."

³³ Ceuk Petrus ka Anjeunna, "Sanaos nu sanes naringgalkeun ka Bapa, abdi mah moal!"

³⁴ Waler Yesus ka Petrus, "Kami ngingetan, peuting ieu memeh hayam kongkorongok, maneh bakal geus tilu kali nyebut teu wawuh ka Kami."

³⁵ Ceuk Petrus, "Moal! Abdi mah moal nyebat kitu sanaos kedah paeh bareng sareng Bapa oge!" Nu sejen ge ngaromongna teh kitu.

³⁶ Yesus nyandak murid-murid-Na ka hiji tempat anu ngaranna Getsemane. Ti dinya saur-Na, "Maraneh dariuk di dieu sabot Kami neneda di ditu."

³⁷ Anjeunna terus angkatna, nyandak Petrus jeung dua sadulur anak bapa Sebedeus, manah-Na nalangsa jeung ketir.

³⁸ "Hate Kami asa remuk, nalangsa taya hinggana. Daragoan di dieu, jeung Kami bantuan nyaring," saur-Na ka maranehna,

³⁹ bari angkat ngantunkeun. Sanggeus rada jauh, bluk Anjeunna sujud meubeutkeun anjeun terus neneda, "Nun Ama, manawi kenging mah ieu lumur eusi kasangsaraan teh singkirkeun ti Abdi! Nanging ulah numutkeun panuhun Abdi, kedah numutkeun pangersa Ama."

⁴⁰ Sanggeus neneda Anjeunna ngalongok heula ka nu tiluan, tapi geus sarare. Ngalahir ka Petrus, "Na teu kuat maraneh tiluan maturan Kami nyaring barang sajam?

⁴¹ Kudu nyaring, kudu neneda, supaya ulah keuna ku panggoda. Maraneh ari jiwa mah sumanget, tapi badan lahir hengker."

⁴² Geus kitu dikantunkeun deui, mindo neneda, "Nun Ama, ari teu kenging henteu mah ieu lumur eusi kasangsaraan teh kedah bae diinum, mugi pangersa Ama laksana."

⁴³ Geus kitu ngalongok deui ka nu tiluan, tapi sarare keneh bae, panonna teu barisa dipake beunta.

⁴⁴ Seug dikantunkeun deui, katilu kalina neneda deui, kecap-kecap-Na cara tadi keneh.

⁴⁵ Geus kitu nepangan deui nu tiluan. Ti dinya ngalahir, "Rek tonggoy bae sarare jeung ngareureuh teh? Tenjo, geus waktuna Putra Manusa teh diserenkeun kana kakawasaan manusa nu daroraka.

⁴⁶ Geura harudang, urang indit. Tenjo, anu arek ngahianat ka Kami teh geus datang!"

⁴⁷ Sabot Anjeunna sasauran keneh, Yudas, murid ti nu dua welas tea geus datang jeung jelema loba pisan, marawa pedang jeung gegendir, titahan imam-imam kapala jeung para kokolot.

⁴⁸ Eta jelema hianat teh memehna geus mere isarat, "Mana-mana anu ku kula dicium, eta jelemana, pek tangkep."

⁴⁹ Manehna muru lempeng ka Yesus. "Salam, Pa Guru!" pokna bari terus nyium.

⁵⁰ Yesus ngawaler, "Geura pek eta pakarepan teh lampahkeun, Ki Sanak!" Rob Anjeunna dironom terus ditangkep, dicerek pageuh pisan.

⁵¹ Ti nu ngiring ka Anjeunna aya anu nyabut pedang, dikadekkeun ka hiji jelema bujangna Imam Agung, rampung ceulina.

52 Tapi saur Yesus, "Asupkeun eta pedang, sarangkaan deui. Sabab anu ngagunakeun pedang paehna ku pedang deui.

53 Dikira Kami teu bisa nyambat ka Rama Kami menta balad malaikat leuwih ti dua welas pasukan?

54 Tapi lamun kitu kumaha rek laksana ucapan Kitab Suci yen kudu kieu jadina?"

55 Geus kitu sasauran ka nu rea, "Maraneh marawa pedang jeung gegendir nangkep Kami, na Kami teh penjahat? Unggal poe Kami aya di Bait Allah ngawuruk, ku maraneh teu ditangkep!"

56 Tapi memang geus kieu mistina, sangkan laksana pisaur nabi-nabi anu ditulis dina Kitab Suci." Ari murid-murid tuluy kalabur kabeh ti Anjeunna.

57 Yesus ku nu narangkep dibawa ka bumi Kayapas, Imam Agung. Di dinya geus kumpul guru-guru agama jeung para kokolot.

58 Petrus nuturkeun ti kajauhan nepi ka buruan bumi Imam Agung, milu asup tuluy diuk jeung para pangawal, hayangeun nyaho kumaha tungtungna.

59 Imam-imam kapala jeung sakumna Mahkamah Agama geus sakedah polah neangan bukti palsu anu bisa ngalantarankeun Yesus dihukum pati.

60 Tapi bukti anu dipikahayang hiji ge teu aya, sanajan ari nu nawarkeun maneh jadi

saksi palsu mah loba. Tungtungna aya dua jelema anu maju ka hareup,

⁶¹ tuluy nuding, "Ieu jelema kungsi nyebutkeun kieu, Ieu Bait Allah ku Kami rek diruag, sanggeus heuleut tilu poe rek diadegkeun deui."

⁶² Imam Agung tuluy ngadeg mariksa ka Yesus saurna, "Kumaha, rek dijawab eta panuding ka Maneh?"

⁶³ Yesus teu ngawaler. Imam Agung nimbalan deui ka Anjeunna, "Demi Allah anu jumeneng, ieu kami ngancam ku sumpah, aku: Enya Maneh teh Kristus, Putra Allah?"

⁶⁴ Yesus ngawaler, "Kitu pilahir anjeun. Nanging sing percanten: Ti semet ayeuna bakal kataringali ku aranjeun Putra Manusa calik di tengeneun Allah Nu Maha Kawasa, tuluy sumping ti langit dina mega!"

⁶⁵ Berewek Imam Agung nyosoeh anggoanana, tuluy ngalahir, "Ngahina ka Allah! Teu perlu deui urang make saksi! Geus kadarangu kitu ngahina-Na!"

⁶⁶ Kumaha timbangan aranjeun?" Jawabna, "Eta jelema salah! Kudu dipaahan!"

⁶⁷ Tuluy maranehna nyariduhan raray Yesus bari nareunggeul. Aya oge anu nampiling ka Anjeunna

⁶⁸ bari ngomong kieu, "Coba teguh, Kristus, saha ieu anu nampiling ka Maneh?"

⁶⁹ Sabot Petrus diuk di buruan luar, disampeurkeun ku hiji awewe babuna Imam

Agung. "Maneh lain sok bareng jeung Yesus di Galilea?" ceuk eta awewe.

⁷⁰Tapi Petrus ngangles di hareupeun sarerea. "Ngomong naon ieu teh, kuring teu ngarti," jawabna.

⁷¹Tuluy ngaleos ka lawang buruan. Katenjoeun ku babu sejen, anu terus ngomong ka nu araya di dinya ngomongkeun Petrus, pokna, "Manehna sok babarengan jeung Yesus urang Nasaret."

⁷²Petrus ngangles deui, "Wani sumpah, teu wawuh ka jelema eta teh!"

⁷³Teu kungsi lila Petrus disalampeurkeun ku nu araya di dinya. "Maneh pasti salah saurang babaturana-Na," ceuk maranehna, "kaciri lentong maneh kitu!"

⁷⁴Tembal Petrus, "Wani sumpah, kuring ngomong saenyana! Masing dihukum kuring ku Allah lamun henteu saenyana. Kuring teu wawuh ka eta jelema!" Harita keneh hayam kongkorongok,

⁷⁵ras Petrus ingeteun kana saur Yesus yen, "Memeh hayam kongkorongok, tilu kali maneh bakal nyebut teu wawuh ka Kami." Leos bae Petrus ka luar, ceurik nalangsa kabina-bina.

27 ¹Isuk-isuk keneh pisan imam-imam kapala jeung para kokolot geus nyieun putusan yen Yesus rek diragragan hukum pati.

²Anjeunna dirante dibawa ka luar ti dinya, tuluy diserenkeun ka Pilatus, Gupernur bangsa Rum.

³Barang Yudas, si hianat, nyahoeun yen Yesus diragragan hukum pati, kacida kaduhungeunana, seug bae duit anu tilu puluh gebleg perak teh dibawa deui ka imam-imam kapala jeung para kokolot.

⁴"Kuring dosa, geus ngahianat ka jelema nu taya salahna nepi ka diragragan hukum pati!" pokna. Dijawab, "Sabodo teuing, eta mah urusan maneh!"

⁵Eta duit ku Yudas dialungkeun ka jero Bait Allah, ari manehna tuluy indit sarta terus ngagantung maneh.

⁶Duitna ku imam-imam kapala dipulung. "Ieu duit teh ladang getih," carekna, "nurutkeun Hukum Agama teu meunang diasupkeun kana sisimpenan Bait Allah."

⁷Tuluy mupakat eta duit rek dibeulikeun Lahan Panjunan jang pakuburan urang asing.

⁸Ti harita lahanna katelah "Lahan Getih" nepi ka ayeuna.

⁹Laksana ucapan Nabi Yermia anu kieu, "Duit tilu puluh gebleg perak, nya eta duit anu geus disaluyuan ku urang Israil pikeun meuli salira Anjeunna ku maranehna dicokot,

¹⁰dipake meuli lahan panjunan, kitu parentah Pangeran ka kaula."

¹¹Yesus geus aya di payuneun gupernur bangsa Rum. "Andika teh raja urang Yahudi?"

Gupernur mariksa. "Leres pangandika," waler-Na.

¹²Tapi panuding-panuding imam-imam kapala jeung para kokolot mah ku Anjeunna sama sakali teu diwaler.

¹³"Karungu eta dakwaan-dakwaan maranehna?" Pilatus mariksa deui.

¹⁴Tapi Yesus teu kersaeun ngawaler, nu matak gupernur teh kacida heraneunana.

¹⁵Eta gupernur bangsa Rum kagungan kabiasaan, saban-saban Pesta Paska sok ngaleupaskeun sakitan saurang anu dipenta ku rahayat.

¹⁶Harita aya hiji sakitan, penjahat anu geus kakunang-kunang, ngaranna Yesus Barabas.

¹⁷Pilatus mariksa ka rahayat anu ngaliud, "Nu mana anu kudu dileupaskeun, Yesus Barabas atawa Yesus anu disebut Kristus?"

¹⁸Mariksana kitu lantaran uninga enya-enya, yen nu matak eta para kekentong urang Yahudi nyerenkeun Yesus ka anjeunna teh lantaran ngarasa dengki.

¹⁹Sabot Pilatus calik di bale pangadilan, anjeunna nampa pesen ti garwana kieu, "Ulah midamel kitu kieu ka eta jalmi nu teu aya salahna. Margi tadi wengi abdi teh kasiksa ku impian perkawis eta jelema."

²⁰Ari imam-imam kapala jeung para kokolot ngangsonan jalma rea, sina menta Barabas dileupaskeun, ari Yesus sina dihukum pati.

²¹ Tapi Pilatus mariksa ka jalma rea, saurna, "Pilih ti ieu duaan, nu mana anu kudu dileupaskeun?" "Barabas!" tembal jalma rea.

²² "Ari Yesus anu disebut Kristus kumahakeun?" Pilatus mariksa. "Gantung!" tembal jalma rea.

²³ Pilatus mariksa deui, "Naon kajahatana-Na?" Jalma rea kalah ka tinggorowok patarik-tarik, "Gantung!"

²⁴ Kajudi ku Pilatus yen diteruskeun ge taya gunana, salah-salah rahayat teh nyieun karusuhan. Anjeunna nyandak cai ngumbah panangan di hareupeun jalma rea. Timbalanana, "Kami teu tanggung jawab kana patina ieu jelema. Ku maraneh bae uruskeun!"

²⁵ Ceuk jalma rea, "Kajeun, hukuman lantaran paehna eta jelema teh tanggungan kuring jeung anak-anak kuring!"

²⁶ Ti dinya Pilatus ngaleupaskeun Barabas. Ari Yesus sanggeus dirangketan tuluy diserenkeun sina digantung ku maranehna.

²⁷ Yesus ku serdadu-serdadu Pilatus diasupkeun ka karaton tuluy digoronyok ku sarerea.

²⁸ Anggoana-Na dilaan diganti ku jubah wungu.

²⁹ Serdadu-serdadu nyieun mamakutaan tina cucuk diterapkeun kana mastaka-Na, ari panangan tengen-Na sina nyepeng iteuk. Geus kitu eta serdadu-serdadu pura-pura

sarujud ka Anjeunna. "Daulat Raja urang Yahudi!" ceuk maranehna maroyokan,

³⁰tuluy nyariduhan ka Anjeunna. Iteukna ku maranehna dijewang, dibabukkeun kana mastaka-Na.

³¹Sanggeus diparoyok, jubah wunguna dilaan diganti deui ku jubah-Na ku anjeun. Ti dinya Anjeunna dibawa ka luar rek digantung dina kayu salib.

³²Di tengah jalan, maranehna papanggih jeung hiji jelema urang Kirena ngaranna Simon. Eta jelema ku serdadu-serdadu dipaksa sina manggul kayu salib Yesus.

³³Sanggeus narepi ka hiji tempat anu disebut Golgota, anu hartina "Tempat Tangkorek,"

³⁴Yesus disina ngaleueut anggur anu dicampuran hamperu. Tapi sanggeus diraosan Anjeunna teu kersaeun.

³⁵Anjeunna terus disalib, anggoana-Na dibagikeun ku lotre,

³⁶tuluy dijaraga bari dariuk.

³⁷Dina iuhureun mastaka-Na maranehna masang tulisan panuding ka Anjeunna, unina: "Ieu Yesus, Raja urang Yahudi."

³⁸Aya dua penjahat anu digantung bareng jeung Anjeunna, hiji di tengeneun hiji deui di kiwaeuna-Na.

³⁹Anu laliwat ka dinya gogodeg jeung ngahina ka Yesus, pokna,

40 "Wah, anu rek ngaruag Bait Allah jeung rek ngadegkeunana deui di jero tilu poe! Lamun Maneh Putra Allah, turun tina salib salametkeun diri!"

41 Imam-imam kapala, guru-guru agama jeung para kokolot oge maroyokan,

42 "Ka batur bisa nyalametkeun, ari ka diri sorangan teu bisa! Na enya Manehna teh raja urang Yahudi? Mun bisaeun turun tina salib-Na, kakara urang percaya!

43 Majar carek-Na percaya ka Allah, malah ngaku jadi Putra Allah. Urang daragoan, sugar bae Allah kersaeun nulungan ka Manehna ayeuna!"

44 Dua penjahat anu bareng digantung jeung Anjeunna oge milu ngahina kawas kitu.

45 Waktu geus tengah poe, sakuliah nagri ngadak-ngadak jadi poek, tilu jam lilana.

46 Kira-kira pukul tilu Yesus ngajerit tarik, "Eli, Eli, lama sabah tan?" hartina: "Nun Allah sim kuring, Allah sim kuring, ku naon nu mawi ngantunkeun?"

47 Anu ngadarenge Anjeunna kitu ngajeritna, sawareh aya nu ngomong kieu, "Manehna sasambat ka Elias!"

48 Aya saurang anu terus lumpat nyokot sepon dicelupkeun kana anggur haseum, tuluy digagangan rek disodorken ka Yesus sina diseuseup.

⁴⁹Tapi aya nu nyegah, pokna, "Engke, urang ngadagoan heula Elias nyalametkeun Manehna!"

⁵⁰Yesus ngajerit deui tarik pisan, geus kitu les pupus.

⁵¹Bareng jeung pupus-Na, reregan Bait Allah bedah dua ti luhur ka handap. Bumi ngariyeg, batu-batu karang bareulah,

⁵²kuburan-kuburan maruka, umat Allah anu geus paraeh harudang harirup deui,

⁵³kalaluar tina kuburanana. Sanggeus Yesus gugah ti nu maraot maranehna arasup ka Kota Suci, katembong ku jalma rea.

⁵⁴Kapala pasukan jeung serdadu-serdadu jaga, narenjo lini kitu deui kajadian-kajadian sejenna, kacida sarieuneunana, sarta ngaromong kieu, "Saestuna eta jelema teh Putra Allah!"

⁵⁵Di dinya loba oge awewe anu biasa sok ngiring jeung ngalalayanan ka Yesus ti Galilea keneh, ngarawaskeun ti kajauhan.

⁵⁶Di antarana nya eta Maria Magdalena, Maria ibuna Yakobus jeung Yusup, jeung bojona Sebedeus.

⁵⁷Sanggeus mimiti peuting, aya hiji jelema beunghar ti Arimatea ngaranna Yusup, murid Yesus keneh,

⁵⁸ngadeuheus ka Pilatus menta layon Yesus. Pilatus marentah supaya layon Yesus diserenkeun ka Yusup.

⁵⁹ Layon Yesus ku Yusup dicokot, dibungkus ku boeh tina lenen anyar,

⁶⁰ tuluy dimakamkeun di makam milik manehna, hiji guha cadas anyar beunang mobok. Lawang pajaratana ditutup ku batu gede, sanggeus kitu Yusup tuluy balik.

⁶¹ Maria Magdalena jeung Maria anu saurang deui dariuk keneh di dinya, melong kana pajaratana.

⁶² Poe isukna poe Sabat, imam-imam kapala jeung urang Parisi ngadareuheus ka Pilatus.

⁶³ "Juragan," ceuk maranehna, "waktos hirup keneh eta jalmi tukang bohong teh kantos nyanggem kieu, Sanggeus tilu poe Kami bakal dihirupkeun deui.

⁶⁴ Ku margi kitu mugi Juragan marentahkeun ngajaga kuburana-Na dugi ka dinten katiluna, bilih mayit-Na dipaling ku murid-murid-Na teras diuar-uar majar hirup deui. Bohong anu kadua mah langkung matak ngabahyakeun ti batan anu kahiji."

⁶⁵ "Mangga teundeunan anu ngajaga," saur Pilatus. "Jaraga sateka-teka sing kuat."

⁶⁶ Maranehna alundur ti dinya, tuluy makam Yesus teh diamankeun, diteundeunan jaga jeung batu tutup lawangna disegel.

28 ¹ Sanggeus liwat poe Sabat, poe Minggu isuk-isuk keneh pisan Maria Magdalena jeung Maria anu saurang deui geus laleumpang ngalayad ka makam.

²Dak-dumadak aya lini kacida rongkahna. Kolebat aya malaikat Pangeran lungsur ti sawarga, ngagulingkeun batu tutup makam, tuluy batuna dicalikan.

³Rupa eta malaikat mani kawas cahaya kilat, panganggona bodes kawas salju.

⁴Nu jaraga makam mani kokoplokan bawaning ku sarieuneun, nepi ka tinglumpuruk kawas nu paeh.

⁵Malaikat teh ngalahir ka eta dua wanita, "Nyai ulah sarieun. Kami terang Nyai rek ngalayad Yesus anu tas disalib.

⁶Anjeunna geus teu aya di dieu, geus digugahkeun sakumaha saur-Na tea. Hiap taringal ka dieu urut ebog-Na.

⁷Ayeuna buru-buru bae bejakeun ka murid-murid-Na kieu, Anjeunna geus digugahkeun ti nu maraot, ayeuna keur angkat ka Galilea miheulaan aranjeun. Engke tangtu kapanggih di ditu! Tah kitu bejakeunana, sing inget."

⁸Bral maranehna arindit ti dinya gura-giru bari sieun tapi bungah, tungtungna lalumpatan rek pupulih ka murid-murid Yesus.

⁹Tapi dak-dumadak Yesus nepangan ka maranehna. "Salam rahayu," saur-Na. Maranehna ngaharempoy kana sampean Anjeunna tuluy nyungkem.

¹⁰"Ulah sarieun," saur Yesus, "jung bejakeun ka dulur-dulur Kami yen kudu ka Galilea, engke tepung di ditu."

¹¹ Waktu eta dua wanita geus laleumpang, para prajurit anu ngajaraga makam baralik ka kota, lapor perkara kajadian tea ka imam-imam kapala,

¹² anu terus badami jeung para kokolot. Hasil babadamianana, eta para prajurit teh dibarere duit gede pisan,

¹³ bari diomongan kieu, "Uarkeun ku maraneh yen mayit-Na dipaling ku murid-murid-Na ti peuting waktu maraneh keur harees.

¹⁴ Lamun hal ieu kadenge ku gupernur, ku kami rek dilelemu yen ieu kajadian lain salah maraneh, jadi maraneh ulah salempang."

¹⁵ Sanggeus narima duit, eta para prajurit teh tuluy uar-uar sakumaha papatah tea. Nepi ka ayeuna oge di kalangan urang Yahudi mah carita kitu ti eta para prajurit teh aya keneh.

¹⁶ Murid-murid anu kari sawelas urang arindit ka hiji pasir di Galilea, sakumaha anu dipesen ku Yesus.

¹⁷ Sanggeus papanggih jeung Anjeunna tuluy sarujud nyarembah. Aya oge sawatara urang anu asa-as a keneh.

¹⁸ Yesus nyaketan ka maranehna, lajeng sasauran kieu, "Kakawasaan di sawarga jeung di bumi, sagemblengna geus diserenkeun ka Kami.

¹⁹ Ku sabab eta datangan jalma-jalma saalam dunya jaradikeun murid Kami, baptis

kalawan pajenengan Rama, Putra, jeung Roh Suci.

²⁰Ajar ngalakonan sagala perkara anu ku Kami geus diparentahkeun ka maraneh. Kami tangtu nyarengan ka maraneh salalawasna nepi ka ahir jaman."

Markus

1 ¹Ieu Injil Kasalametan anu ngawartakeun Yesus Kristus, Putra Allah.

²Ungel mimiti eta warta sakumaha anu diserat ku Nabi Yesaya, kieu: "Allah ngandika, Ieu utusan Kami ku Kami rek diutus heulaeun Hidep, sina nyadiakeun jalan pikeun Hidep.

³Aya nu cumeluk di gurun keusik, Sadiakeun jalan pikeun Pangeran! Jieun jalan anu lempeng pikeun Mantenna!"

⁴Nya bukti di gurun keusik aya nu muncul, ngabaptis jeung ngawulang, nya eta Yohanes. Piwulangna kieu, "Geura tarobat, geura dibaptis, geus tangtu dosa maraneh dihampura ku Allah."

⁵Mangpirang-pirang jelema ti Yudea jeung ti kota Yerusalem daratang ngabarandungan piwulangna, terus ngaraku dosana, sarta tuluy ku anjeunna dibaptis di Walungan Yordan.

⁶Anggoan Yohanes tina bulu onta jeung nganggo sabuk kulit. Ari barangtuangna simeut jeung madu leuweung.

⁷Anjeunna ngumumkeun kieu, "Engke, pandeurieun kami bakal aya anu sumping tur leuwih agung batan kami. Pikeun dongko di payuneuna-Na ge, ngudaran tali tarumpah-Na, kami ngarasa teu layak.

⁸Kami ngabaptis maraneh teh ku cai, tapi Anjeunna mah ngabaptisna ka maraneh engke ku Roh Suci."

⁹Teu lila ti harita, Yesus oge ti Nasaret wewengkon Galilea sumping dibaptis ku Yohanes di Walungan Yordan.

¹⁰Barang timbul ti jero cai, Anjeunna ningali langit muka, sarta Roh Allah lungsur ka Anjeunna dina rupa manuk japati.

¹¹Ti langit aya soara, ungelna, "Hidep teh Putra kaasih Kami, anu kamanah ku Kami."

¹²Harita keneh manah Yesus digerakkeun ku Roh Allah, Anjeunna tuluy angkat ka gurun keusik,

¹³cicing di dinya opat puluh poe opat puluh peuting, digoda ku Iblis. Di tempat eta loba oge sato alas, tapi Anjeunna dilalayanan ku para malaikat.

¹⁴Sangeus Yohanes dipanjara, Yesus angkat ka Galilea ngawawarkeun Injil Kasalametan ti Allah.

¹⁵Saur-Na, "Geura tarobat, geus waktuna, sabab Karajaan Allah geus meh ngadeg! Sing percaya kana ieu Injil Kasalametan!"

¹⁶Waktu Anjeunna keur angkat mapay sisi Talaga Galilea, ningali dua jelema adi lanceuk keur ngarala lauk, ngaranna Simon jeung Andreas.

¹⁷Ku Anjeunna diajak sareng, "Marilu ka Kami, engke ku Kami diajar ngala jelema."

¹⁸ Harita keneh duanana marilu, heurapna diculkeun.

¹⁹ Yesus angkat deui. Angkat can pati jauh ti dinya ningali deui dua jelema adi lanceuk, Yakobus jeung Yohanes anak Sebedeus, keur ngaromean heurap dina parahu.

²⁰ Harita keneh disaur tuluy marilu, ninggalkeun bapana dina parahu jeung kuli-kuli.

²¹ Yesus sumping ka kota Kapernaum jeung murid-murid. Dina poe Sabat Anjeunna lebet ka imah ibadah, ngawulang.

²² Cara Anjeunna ngawulang estu pikaresepeun anu ngabarandungan, beda ti guru-guru agama maranehna. Anjeunna mah ngajarna teh gede wibawana.

²³ Sabot kitu, aya hiji jelema anu kasurupan roh jahat asup ka jero imah ibadah bari cocorowokan,

²⁴ "Arek naon datang ka urang, Yesus urang Nasaret? Rek ngabinasa? Kuring nyaho Anjeun teh utusan anu suci ti Allah!"

²⁵ "Repeh maneh!" saur-Na ka eta roh jahat. "Geuwat kaluar ti eta jelema!"

²⁶ Sanggeus ngageubig-geubig kacida nemenna ka eta jelema, eta roh jahat teh tuluy nyingkah.

²⁷ Anu nyaraktsian mani harookeun sarta tuluy ngaromong pada batur, "Wah, naon ieu? Pangajaran anyar, kitu? Kawasa temen eta

jelema teh, roh-roh jahat dititah kalaluar teh mani narurut kitu!"

²⁸Beja hal Yesus gancang pisan nerekabna ka mana-mana di sakuliah daerah Galilea.

²⁹Yesus jeung murid-murid-Na kaluar ti imah ibadah, tuluy ka imah Simon jeung Andreas. Yakobus jeung Yohanes ge milu.

³⁰Ari mitoha awewe Petrus keur gering muriang, aya di enggon bae. Jadi barang Yesus sumping jeung anu ngariring terus bae diwartosan.

³¹Anjeunna terus ningalian mitoha Petrus, leungeunna diangkat terus dibantu dihudangkeun. Rep muriangna cageur, tuluy cakah-cikih ngalalayanan.

³²Sanggeus panonpoe surup jeung mimiti peuting, loba anu daratang ka Anjeunna mawa anu garering jeung anu kasarurupan roh jahat.

³³Urang kota eta timplek mani ngagimbung di buruan eta imah.

³⁴Yesus terus nyageur-nyageurkeun anu garering loba pisan sarta panyakitna rupa-rupa. Roh-roh jahat anu nyurup ge ku Anjeunna diusiran, loba pisan. Eta roh-roh jahat ku Anjeunna teu diidinan ngaromong naon-naon, sabab geus nyarahoeun saha Anjeunna.

³⁵Poe isukna subuh-subuh keneh Yesus kaluar ti eta imah, ngabujeng hiji tempat sepi di luar kota, sembahyang.

³⁶ Simon sabatur-batur nareangan.

³⁷ Sanggeus kapanggih maranehna arunjukan, "Bapa dipilarian ku sadayana."

³⁸ Tapi waler Yesus, "Urang kudu terus ka desa-desa sejen sakurilingeun ieu. Maranehna oge perlu ku Kami diwuruk, sabab kitu tujuan Kami datang teh."

³⁹ Geus kitu Anjeunna ngider ka sakuliah Galilea, ngawulang di imah-imah ibadah jeung ngusir roh-roh jahat anu nyurup ka jelema.

⁴⁰ Aya jelema lepra datang ka Anjeunna, sujud ka payuneuna-Na menta ditulungan. Pokna, "Manawi Juragan kersa, Juragan iasa nyageurkeun abdi."

⁴¹ Manah Yesus welas pisan ka eta jelema, tuluy ngantelkeun panangana-Na kana awak eta jelema. "Heug, geura cageur," saur-Na.

⁴² Les leprana leungit, awakna pulih beresih.

⁴³ Ku Anjeunna dipiwarang buru-buru indit ti dinya sanggeus diomat-omatan heula,

⁴⁴ saur-Na, "Kade ulah cacarita ka saha-saha perkara ieu, terus bae ka imam menta dipariksa awak, tuluy haturkeun kurban sakumaha anu diparentahkeun ku Musa, supaya tetela ka sarerea yen maneh geus cageur."

⁴⁵ Tapi eta jelema inditna teh terus cacarita ka ditu ka dieu teu eureun-eureun, nepi ka upama Yesus lebet ka kota moal iasa laluasa. Ku sabab eta Anjeunna di luar kota bae

anu sarepi. Tapi jelema-jelema teu burung murubul ti mana-mana.

2¹ Sanggeus sababaraha poe di dinya Yesus mulih ka Kapernaum. Beja yen Anjeunna mulih nerekab.

² Jelema-jelema daratang kacida lobana, nepi ka taya tempat deui, nepi ka lawang panto oge heurin ku jelema. Sabot Anjeunna keur nyarioskeun amanat ti Allah,

³ aya jelema opatan ngagotong anu lumpuh rek dideuheuskeun.

⁴ Tapi teu barisaeun asup ku heurin-heurinna. Ku sabab kitu maranehna jalan ti luhur, nyieun liang lempengan Yesus calik, nu lumpuh teh diulur tina eta liang jeung samakna.

⁵ Ningali kapercayaan maranehna sakitu mantepna, Yesus ngalahir ka eta nu lumpuh, saur-Na, "Anaking, dosa-dosa hidep geus dihampura."

⁶ Aya sawatara guru agama anu marilu kumpul di dinya. Maranehna mimiti ngaromong dina hatena,

⁷ "Lancang temen ieu jelema ngomong kitu! Ngahina ka Allah! Ngan Allah anu wenang ngahampura dosa mah!"

⁸ Yesus uningaeun kana pikiran maranehna, tuluy ngalahir, "Ku naon karitu pikiran aranjeun?

⁹ Mana nu leuwih babari ngomongkeunana ka ieu nu lumpuh, Dosa-dosa hidep dihampura,

atawa, Geura hudang, angkat samak hidep tuluy leumpang?

¹⁰Tapi ayeuna ku Kaula rek dibuktikeun yen Putra Manusa di ieu dunya kawasa ngahampura dosa."

¹¹Geus kitu ngalahir ka eta nu lumpuh, "Geura hudang, angkat samakna, jung geura balik!"

¹²Nu lumpuh teh cengkat, samakna diangkat, tuluy gura-giru indit ti dinya. Anu nyaraksian mani barengong, tuluy ngamulyakeun ka Allah. "Saumur ge kakara nenjo kajadian kawas kieu mah! ceuk maranehna.

¹³Yesus angkat ka sisi Talaga Galilea. Jelema-jelema merul daratang ka Anjeunna, tuluy diwulang.

¹⁴Tas ngawulang angkat deui, beh ningali aya tukang mulung pajeg ngaran Lewi, anak Alpeus, keur diuk di kantorna. Ku Yesus tuluy disaur, "Milu ka Kami!" Lewi cengkat tuluy milu.

¹⁵Sabot Yesus keur tuang di imah Lewi, burubul tukang-tukang mulung pajeg lianna daratang jeung jelema-jelema anu dianggap jelema goreng, marilu dahar sameja jeung Anjeunna jeung murid-murid. Sabab loba anu bariluk ka Anjeunna.

¹⁶Sawatara guru agama Yahudi golongan Parisi, narenjo Yesus tuang jeung tukang-tukang mulung pajeg jeung jelema-jelema

nu dianggap goreng teh naranya ka murid-murid, "Naha guru maraneh tuang jeung jelema-jelema karitu?"

¹⁷ Kadangueun ku Yesus, Anjeunna ngawaler, "Anu perlu doktor teh anu garering, nu calageur mah teu perlueun. Kaula datang lain rek neangan jelema anu marulya, tapi rek neangan jelema-jelema anu diaranggap hina."

¹⁸ Dina hiji waktu murid-murid Yohanes jeung urang Parisi paruasa. Aya jelema anu naranya ka Yesus, "Naha murid-murid Bapa mah henteu paruasa, henteu sapertos para panganut Yohanes sareng para panganut urang Parisi?"

¹⁹ Waler-Na, "Ari tamu dina hajat kawin na ha henteu dalahar? Sapanjang panganten lalaki aya keneh jeung maranehna, tangtu maranehna dalahar.

²⁰ Tapi bakal datang waktuna panganten lalaki dicokot ti maranehna. Geus kitu kakara maranehna paruasa.

²¹ Moal aya anu nambal baju heubeul ku lawon anyar, sabab lamun lawon anyarna murengked, nu heubeul kabenyeng, soehna beuki gede.

²² Jeung moal aya anu ngeusikeun anggur anyar kana kantong kulit nu geus heubeul, sabab kantong kulitna tangtu bedah, kantong jeung anggurna henteu kaarah. Anggur anu

anyar kantong kulitna ge tangtu kudu nu anyar."

²³Dina hiji poe Sabat Yesus angkat ngalangkung kebon gandum. Murid-murid anu ngiring ka Anjeunna maripit gandum.

²⁴Ari ceuk urang Parisi ka Anjeunna, "Tingali itu murid-murid Anjeun ngarempak Hukum Agama urang, migawe anu dilarang dina poe Sabat!"

²⁵Waler Yesus, "Na aranjeun tacan maca, kumaha Daud waktu butuh dahareun?

Anjeunna jeung pangiringna lapar,

²⁶tuluy anjeunna asup ka jero gedong Allah, terus ngadahar roti pangbakti ka Allah. Eta kajadianana keur jaman Abyatar jadi Imam Agung. Nurutkeun Hukum Agama urang mah anu wenang ngadahar roti kitu teh ngan para imam. Tapi Daud geuning ngadahar, malah pangiringna oge dibere."

²⁷Saur Yesus deui, "Poe Sabat diayakeun teh pikeun manusa, lain manusa diayakeun pikeun poe Sabat.

²⁸Ku sabab kitu Putra Manusa teh jadi Gustina poe Sabat ongkoh."

3¹Yesus mulih deui ka imah ibadah. Di dinya aya hiji jelema anu leungeunna kemper sabeulah.

²Jeung aya nu sejen deui, anu saenyana ngarep-ngarep supaya Yesus midamel kasalahan, rek didakwa. Maranehna kacida ngarawaskeunana, sugar bae Anjeunna

nyageurkeun eta jelema harita keneh dina poe Sabat.

³ Yesus ngalahir ka nu kemper tea, "Ka dieu, ka hareup!"

⁴ Ti dinya saur-Na ka nu rea, "Pagawean kumaha anu ku Hukum Agama urang meunang dipigawe dina poe Sabat? Nulungan atawa nyilakakeun, nyalametkeun nyawa batur atawa mergasa?" Maranehna teu narembal naon-naon.

⁵ Yesus neuteup ka maranehna, manah-Na bendu pacampur jeung sedih ku anu sakitu baredegongna jeung saralahna. Tuluy ngalahir ka nu kemper tea, "Lempengkeun leungeun hidup!" Ku manehna dilempengkeun, bet leungeunna nu kemper teh jadi cageur.

⁶ Urang Parisi tinglaleos, terus ngabadamian jelema-jelema kaomna Herodes rek nelasan Yesus.

⁷ Yesus angkat ka Talaga Galilea jeung pangiring-Na. Anu naluturkeun kacida lobana, ti Galilea, ti Yudea,

⁸ ti Yerusalem, ti wilayah Idumea, ti wetaneun Walungan Yordan, jeung ti sakurilingeun kota-kota Tirus jeung Sidon, anu geus mareunang beja perkara anu dipidamel ku Anjeunna.

⁹ Ku loba-lobana jelema, Anjeunna nepi ka mundut parahu ka murid-murid supaya ulah kasedekkeun.

¹⁰ Geus loba anu gering anu dicageurkeun ku Anjeunna, sarta anu garering teh mani pasedek-sedek hayang nyabak ka Anjeunna.

¹¹ Ari anu kasarurupan ku roh jahat mah barang ret ka Anjeunna teh terus bae sujud ka payuneuna-Na bari ngagero, "Anjeun teh Putra Allah!"

¹² Tapi eta roh-roh jahat teh ku Yesus dicarek teu meunang pisan nyebut Anjeunna saha.

¹³ Ti dinya Yesus unggah ka hiji pasir, tuluy nyaur sababaraha jelema anu cocog jeung manah-Na. Sanggeus karumpul,

¹⁴ ku Anjeunna dipilih dua welas urang. Eta anu kapilih ku Anjeunna disebatna rasul. "Maraneh ku Kami dipilih pikeun maturan Kami salawasna," saur-Na. "Sarta ku Kami baris diutus oge pikeun ngawurukan jalma-jalma,

¹⁵ jeung bakal dibere kakawasaan ngusir roh-roh jahat."

¹⁶ Anu kapilih teh ieu ngaran-ngaranna: Simon (ku Yesus dipaparin ngaran Petrus);

¹⁷ Yakobus jeung Yohanes (adi lanceuk anak Sebedeus, duanana ku Yesus dipaparin ngaran Boanerges, hartina "Guludug");

¹⁸ Andreas, Pilipus, Bartolomeus, Mateus, Tomas, Yakobus bin Alpeus, Tadeus, Simon Patriot,

¹⁹ jeung Yudas Iskariot, anu engkena ngahianat ka Anjeunna.

²⁰ Yesus mulih ka bumi-Na. Breg deui digimbung ku jalma rea, nepi ka Anjeunna jeung murid-murid teu kaburu tuang-tuang acan.

²¹ Barang wargi-wargina ngadarenge hal eta, tuluy nareang Anjeunna rek diajak mulih, sabab aya beja majar, "Anjeunna geus owah!"

²² Aya sawatara guru-guru agama anu daratang ti Yerusalem, ngaromong kieu, "Eta jelema teh kaasupan Beelsebul! Nu matak jadi bisaeun ngusir roh-roh jahat teh lantaran meunang kakawasaan ti eta kapala roh jahat."

²³ Maranehna ku Yesus disaur. Geus kitu Anjeunna nyarios, tapi ku ibarat-ibarat. "Kumaha bisana Iblis ngusir Iblis?" saur-Na.

²⁴ "Hiji kota anu pecah jadi sababaraha golongan anu silih lawan tangtu ancur.

²⁵ Hiji kulawarga anu pecah jeung silih lawan, tangtu awut-awutan.

²⁶ Nya kitu keneh karajaan Iblis, lamun pecah jadi golongan-golongan anu silih lawan, ngadegna moal lila, karajaanana tangtu enggeusan.

²⁷ Moal aya anu bisa ngabongkar imah jelema bedas sarta nyokotan harta bandana, kajaba lamun eta nu bedas teh ditalikung heula kakara imahna bisa dijarah.

²⁸ Kaula mere terang, jelema anu nyieun dosa jeung anu omonganana jahat bisa dihampura.

²⁹Tapi anu ngagogoreng Roh Suci mah teu bisa dihampura, sabab nu kitu mah dosana teh langgeng."

³⁰(Yesus nyebatkeun kitu teh ka jelema-jelema anu nyebutkeun majar Anjeunna kaasupan roh jahat.)

³¹Ibu jeung saderek-saderek Yesus geus narepi ka dinya, tapi di laluar bae, nalatahkeun supaya Anjeunna kaluar.

³²Anjeunna keur dirariung ku jalma rea. "Itu aya ibu di luar sareng saderek-saderek istri pameget, hoyongeun nepangan," ceuk maranehna.

³³"Saha ari ibu Kami? Saha ari dulur-dulur Kami?" waler-Na,

³⁴bari terus neuteup ka anu ngariung ka Anjeunna. "Ieu ibu jeung dulur-dulur Kami mah!" saur-Na deui.

³⁵"Saha-saha anu ngalampahkeun pangersa Allah, eta ibu Kami, dulur-dulur Kami awewe lalaki."

4 ¹Yesus mimiti ngawulang deui di sisi Talaga Galilea. Jelema ngagimbung ka Anjeunna kacida lobana, nepi ka Anjeunna ngalih calikna kana parahu anu keur ngambang dina cai. Jalma-jalma narangtung di basisir sisi cai.

²Yesus tuluy ngawulang ka maranehna rupa-rupa hal ku misil-misil. Saur-Na ka maranehna,

³"Barandungan! Aya hiji jelema indit tebar.

⁴ Waktu tebar, binihna aya anu ragragan ka jalan, seug datang manuk maracokan eta binih nepi ka beak.

⁵ Aya anu ragragan kana tanah anu karikilan, taneuhna ipis. Eta binih tereh jadi lantaran taneuhna ipis;

⁶ tapi sanggeus kasebrot ku panonpoe, binih anu kakara mentik teh ngulapes tuluy garing, lantaran akarna henteu jero.

⁷ Aya anu ragragan kana rungkun cucuk, rungkunna ngagedean, binih teh kaheumpikan, teu bisa buahan.

⁸ Anu ragragna kana taneuh anu riduh jeung lendo, jadina alus sarta baruahan, hasilna aya nu tilu puluh kalieun, nu genep puluh kalieun jeung nu saratus kalieun."

⁹ Saur-Na deui, "Lamun baroga ceuli pek ieu darengekeun!"

¹⁰ Sanggeus Anjeunna nyalira bae, anu tadi ngadarengekeun teh aya anu daratang ka Anjeunna, dibaturan ku dua welas murid-Na, naranyakeun harti eta misil.

¹¹ Ari waler-Na, "Maraneh mah geus dibere nyaho rasiahna Karajaan Allah. Ari nu sejen luareun eta ngan dibere ngadenge misilna bae,

¹² jadi maranehna mah, Narenjokeun tapi teu narenjoeun, ngadarengekeun tapi teu ngalartieun. Sabab lamun narenjoeun jeung ngalartieun tangtu tarobat ka Allah, sarta ku Mantenna tangtu dihampura."

¹³Saur-Na deui, "Kutan maraneh teu ngarti kana eta misil? Kumaha rek ngarti kana misil sejenna?

¹⁴Nu tebar teh hartina nu ngawawarkeun amanat sabda Allah.

¹⁵Binih anu katebarkeun ka jalan, hartina eta amanat didengekeunana ngan saliwat, harita kadenge harita keneh dipupus ku Iblis.

¹⁶Anu katebarkeun kana taneuh anu karikilan, hartina eta amanat gancang ditarima reujeung suka,

¹⁷tapi gancang leungit deui sabab nyerepna teu sakumaha. Barang disusahkeun ku batur dumeh percaya kana eta amanat tuluy bae murtad.

¹⁸Anu katebarkeun kana rungkun cucuk, hartina eta amanat ditarima,

¹⁹tapi kadeseh ku kasalempangan hirup, ku hayang beunghar, jeung ku rupa-rupa kahayang napsu, teu nepi ka bijil hasilna.

²⁰Anu meneran kana taneuh anu hade, hartina eta amanat ditarima enya-enya, hasilna kapetik, buahna kaala, aya nu tilu puluh kalieun, nu genep puluh kalieun, jeung nu saratus kalieun."

²¹Saur-Na deui, "Naha aya anu nyeungeut lampu terus dituruban ku gentong atawa diteundeun di kolong? Naha lain kudu diteundeun dina ajugna?

²²Naon bae anu nyumput bakal nembrak, naon bae anu katutup bakal nonggerak.

²³Darengekeun sing bener mun enya baroga ceuli!"

²⁴Saur-Na deui, "Pek tengetkeun sing bener anu kadarenge teh! Kalakuan maraneh ka batur, ku Allah bakal dibalikkeun ka maraneh leuwih ti kitu.

²⁵Anu enggeus beubeunangan bakal ditambah, sabalikna anu henteu beubeunangan mah anu geus aya ge keur saeutik teh bakal di cokot pisan."

²⁶Yesus sasauran deui, "Karajaan Allah teh ibarat ieu misil. Aya jelema nyebarkeun binih dina lahanna.

²⁷Ari peuting manehna hees, ari beurang manehna hudang. Sabot kitu jeung kitu, binihna jaradi jeung ngagedean. Teu nyahoeun manehna mah peta jadina teh kumaha.

²⁸Pepelakanana ku taneuh disina jadi nepi ka buahanana, sina mentik, sina ngagedean, sina ranggeuyan, sina buahan.

²⁹Sanggeus gandumna asak meujeuhna diala, patani nyokot arit, gandumna diala."

³⁰"Ibarat naon deui Karajaan Allah teh?" Yesus mariksa. "Kudu ku misil naon nerangkeunana?

³¹Ibarat misil ieu. Aya jelema nyokot siki sasawi, tuluy dipelakkeun dina taneuh. Siki sasawi di saalam dunya siki anu panglembutna.

³² Sanggeus jadi, tangkalna teh panggedena ti sakabeh pepelakan, daunna gomplok dahanna galede, manuk-manuk daratang nyarayang dina aubanana."

³³ Kitu carana Yesus nyarioskeun amanat ti Allah ka jalma rea teh, ku rupa-rupa misil kawas bieu, sateka-teka diluyukeun jeung pangarti maranehna.

³⁴ Nyarioskeunana tara teu ku misil. Tapi ari geus tinggal jeung murid-Na bae mah sagala rupa ge ku Anjeunna diterangkeun sageblasna.

³⁵ Sanggeus burit, poe eta keneh, Yesus ngalahir ka murid-murid, "Urang meuntas talaga, urang ka beulah ditu."

³⁶ Bari sasauran kitu teh Anjeunna miheulaan calik kana parahu. Murid-murid oge naraek kana parahu, jalma rea ditinggalkeun, tuluy mareuntas. Di eta talaga aya deui parahu-parahu sejen.

³⁷ Dak-dumadak aya angin ribut nebak, parahu meh tibalik ku ombak nepi ka pinuh kaasupan cai.

³⁸ Ari Yesus keur kulem di beulah tukang, mastaka-Na dibantalan. Ku murid-murid digugahkeun, pokna, "Pa Guru! Keun bae urang cilaka?"

³⁹ Yesus gugah, tuluy marentah ka angin, "Eureun!" Marentah deui ka ombak, "Leler!" Jep angin jempe sarta talaga jadi kacida lelerna.

⁴⁰ Yesus ngalahir ka murid-murid, "Ku naon sarieun! Teu palercaya ka Kami?"

⁴¹ Tapi maranehna jadi kacida sarieuneunana ku Anjeunna, seug patanya-tanya, "Saha ieu jelema teh? Angin jeung ombak nepi ka narurut kitu!"

5 ¹ Yesus jeung murid-murid-Na geus narepi ka peuntaseun Talaga Galilea beulah ditu, di wewengkon Gerasa.

² Barang Anjeunna lungsur tina parahu, papanggih jeung hiji jelema anu datangna ti pakuburan di dinya. Eta jelema diraksuk ku roh-roh jahat,

³ cicingna di kuburan-kuburan. Eta jelema geus teu bisa ditalian sanajan ku rante.

⁴ Geus sababaraha kali suku jeung leungeunna ditalian, tapi rantena dipegatkeun deui, dipegatkeun deui, beusi bangkol sukuna dibubukkeun. Taya nu bisa nalukkeun ku bedas-bedasna.

⁵ Beurang peuting ngaprak di kuburan-kuburan jeung di pasir-pasir, ceuceuleuweungan bari nurihan maneh ku batu seukeut.

⁶ Sanggeus nenjoeun ka Yesus ti nu rada anggang, tuluy lumpat nyampeurkeun, brek bae deku di payuneuna-Na,

⁷ tuluy ngagorowok, "Yesus, Putra Allah Nu Maha Agung! Aya pikersaeun naon ka kuring? Demi Allah, kuring ulah disiksa!"

⁸(Nu matak sasambat kitu sabab ku Yesus ditimbalan kieu, "Eh, roh jahat, kaluar maneh ti eta jelema!")

⁹Ku Yesus dipariksa, "Maneh saha ngaran?" Jawabna, "Ngaran kuring Legiun sabab kacida lobana!"

¹⁰Manehna terus nunuhun supaya ku Yesus ulah diusir ti eta daerah.

¹¹Teu jauh ti dinya aya babi sabubuhan keur nyaratuan di lamping pasir.

¹²Roh-roh jahat teh nunuhun ka Yesus, "Kuring idinan nyurup ka itu babi-babi."

¹³Sanggeus diidinan, eta roh-roh jahat teh kalaluar tuluy nyarurup ka eta babi-babi. Babi-babina anu kabehna aya dua rebu tuluy laluncatan ka talaga tina hiji gawir, kabeh titeuleum.

¹⁴Anu ngajaragana tingbalecir ka kota jeung desa-desa sakurilingna, nyebankeun beja. Tuluy jalma-jalma kalaluar rek narenjo eta kajadian.

¹⁵Barang daratang, jelema anu tas kasurupan teh aya, keur diuk jeung geus make pakean, ingetanana geus waras. Maranehna kacida sarieuneunana ku Yesus.

¹⁶Anu nyarakshan sorangan nu kajadian ka eta jelema jeung ka babi-babi tea tuluy nyaritakeun deui ka nu sejen.

¹⁷Geus kitu urang dinya nunuhun ka Yesus supaya Anjeunna buru-buru ngantunkeun daerah maranehna.

¹⁸ Waktu Yesus naek deui kana parahu, jelema anu tas kasurupan teh hayangeun milu. "Mugi abdi dicandak," carekna.

¹⁹ Tapi ku Anjeunna teu diidinan, saur-Na, "Mending balik. Caritakeun ka kulawarga pitulung Pangeran anu geus mikaheman ka maneh."

²⁰ Manehna nurut, tuluy indit ngider ka sakuliah wilayah Sapuluh Kota, nyaritakeun pitulung Yesus ka dirina. Urang dinya kacida hareraneunana.

²¹ Yesus mulih deui ka peuntaseun eta talaga. Sasumpingna, jelema-jelema tuluy tamplek ka Anjeunna di sisi talaga.

²² Sabot kitu, datang pangurus imah ibadah di dinya, ngaranna Yairus, terus sujud ka Yesus,

²³ tuluy ngalengis ka Anjeunna, pokna, "Pun anak awewe udur, mugi ku Bapa ditumpangan panangan, tangtos cageur sareng tiasa hirup teras."

²⁴ Yesus angkat ti dinya jeung manehna. Sapanjang jalan jelema-jelema anu marilu laleumpangna mani padeukeut-deukeut jeung Anjeunna.

²⁵ Aya hiji awewe boga kasakit haid, ngagetih terus geus dua welas taun teu cageur-cageur,

²⁶ tabib-tabib taya nu sanggup. Duitna geus beak dipake tatamba, tapi kasakitna teu cageur-cageur, malah tambah parna.

²⁷ Sanggeus meunang beja hal Yesus, manehna tuluy milu seselendep jeung nu rea ka pungkureun Anjeunna.

²⁸ Ceuk pikiranana, "Asal bisa nyabak jubah-Na bae tangtu aing cageur."

²⁹ Tuluy manehna nyabak kana jubah Yesus. Harita keneh ngagetihna tuluy eureun, sarta karasaeun ku manehna yen panyakitna anu sakitu nyusahkeunana teh cageur.

³⁰ Bareng jeung eta ku Yesus karaoseun aya tanaga anu mencar ti salira-Na. Anjeunna luak-lieuk sarta mariksa, "Saha anu nyabak ka Kami?"

³¹ Ceuk murid-murid, "Naha nganggo mariksakeun anu nyabak, pan kauninga jalmi sakieu nyedekna ka Bapa?"

³² Tapi Anjeunna terus bae luak-lieuk milarian anu nyabak-Na.

³³ Ari awewe tea sanggeus nyaho anu kajadian ka dirina, nyampeurkeun terus sujud ka Anjeunna bari ngadegdeg sieuneun, sarta unjukan sabalakana.

³⁴ Saur Yesus, "Anaking, ku sabab Nyai percaya, Nyai jadi cageur. Heug sing salamet. Panyakit anu nyusahkeun ka Nyai geus cageur pisan."

³⁵ Sabot Yesus sasauran kitu aya jurungan ti imah Yairus, ngabejaan ka manehna, "Tuang putra teh parantos teu aya, teu kedah ngarerepot deui ka Pa Guru."

³⁶ Yesus teu malire kana ucapan maranehna, sarta ngalahir ka Yairus saur-Na, "Ulah jadi pikir, percaya bae."

³⁷ Jalma rea ku Anjeunna dilarang terus marilu salian ti Petrus, Yakobus jeung Yohanes.

³⁸ Sanggeus narepi ka imah Yairus, Yesus ningali kaayaan kacida ributna, sarta ngadangu aya anu ceurik jejeritan jeung anu midangdam.

³⁹ Yesus lebet tuluy ngalahir, "Ku naon raribut? Ku naon careurik? Budak teh lain maot, keur sare!"

⁴⁰ Jelema-jelema anggur nyeungseurikeun ka Anjeunna, tapi ku Anjeunna dipiwarang kalaluar kabeh. Anjeunna lebet ka kamar nyandak indung bapana eta budak jeung murid anu tiluan.

⁴¹ Budak teh leungeunna dicepeng tuluy dilahiran, "Talita, kumi!" hartina, "Nyai, Kami nitah: hudang!"

⁴² Budak teh ngulisik cengkat terus turun leulempangan. (Umurna geus dua belas taun.) Jelema-jelema mani barengong.

⁴³ Tapi Yesus ngalarang keras maranehna nyaritakeun eta kajadian ka nu sejen. "Budak teh bere dahar!" saur-Na.

6 ¹ Yesus geus angkat ti dinya, mulih ka kota asal-Na jeung murid-murid-Na.

² Poe Sabat Anjeunna ngawulang di imah ibadah. Jelema-jelema anu ngadarenge

piwulang Anjeunna hareraneun. "Ti mana meunangna nu kitu?" ceuk maranehna. "Bogaeun hikmat naon? Naha bet bisaeun nyieun anu pikaheraneun?

³Lain tukang kayu tea manehna teh, anak Mariam, dulurna Yakobus, Yusup, Yudas, jeung Simon? Dulur-dulur-Na nu awewe oge di darieu, lain?" Jadi di dinya mah Anjeunna ditolak.

⁴Saur Yesus ka maranehna, "Nabi teh dihargaan di mana-mana. Tapi di lemburna jeung di kalangan kulawargana atawa baraya-barayana mah tara dianggap."

⁵Anjeunna teu kungsi ngayakeun mujijat naon-naon di dinya mah, salian ti nyageurkeun anu garering sababaraha urang ku jalan ditumpangan panangan.

⁶Anjeunna kacida heraneunana ku anu henteu palercayaeun teh. Ti dinya Yesus angkat ka desa-desa sakurilingeun Nasaret, ngawulang.

⁷Geus kitu Anjeunna ngumpulkeun dua welas murid-Na, tuluy diutus duaan-duaan, jeung dipaparin kawasa pikeun ngusir roh-roh jahat.

⁸Saur-Na ka maranehna, "Salian ti iteuk maraneh ulah mawa naon-naon deui. Roti, kantong derma, duit, ulah mawa.

⁹Méunang ditarumpah, tapi ulah mawa pisalin."

¹⁰Saur-Na deui, "Lamun maraneh aya nu ngaku, nganjrek teh kudu di imahna nepi ka waktu indit deui ti dinya.

¹¹Lamun aya pangeusi kota anu embungeun narima atawa ngadenge omongan maraneh, tinggalkeun bae bari kebutkeun kekebul tina suku nandakeun teu resep ka maranehna!"

¹²Bral murid-murid arindit, nguaran jelema-jelema sangkan tarobat.

¹³Salian ti kitu maranehna ngusir roh-roh jahat loba pisan, jeung nyageur-nyageurkeun anu garering diulasan ku minyak jetun.

¹⁴Eta kabeh kadangu bejana ku Raja Herodes, wantu-wantu jenengan Yesus geus kautara ka mana-mana. Loba anu nyebutkeun yen Yesus teh: "Yohanes Jurubaptis hirup deui, nu matak jadi kawasa ngayakeun rupa-rupa kaahengan".

¹⁵Aya oge anu nyebutkeun, "Anjeunna teh Elias." Ceuk sawareh deui, "Anjeunna teh nabi, kawas nabi-nabi anu di jaman baheula."

¹⁶Ari saur Herodes, "Eta jelema tangtu Yohanes Jurubaptis anu bareto ku aing diteukteuk sirahna. Ayeuna hirup deui!"

¹⁷Bareto Yohanes teh ku Herodes geus dipiwarang ditangkep, dirante jeung dipanjara lantaran ngaweweleh anjeunna migarwa Herodias istri Pilipus saderekna.

¹⁸Yohanes sababaraha kali ngemutan ka Herodes tina hal eta, saurna, "Lepat pisan anjeun migarwa istri tuang saderek teh!"

¹⁹ Ari Herodias jadi geuleuheun ka Yohanes, hayangeun maehan. Ngan teu bisa sabab dihalang-halang ku Herodes.

²⁰ Ari Herodes ku Yohanes teh ngaraos sieun, da uningaeun Yohanes jelema bener jeung suci, sarta kasalametanana di jero panjara ku anjeunna ditalingakeun. Anjeunna rajeun ngadangukeun kasauran Yohanes, sanajan ari tas ngadangukeun teh manahna sok marungkawut.

²¹ Lila-lila Herodias meunang jalan pikeun ngalaksanakeun maksudna. Nya eta waktu Herodes mestateun wewedalanana sarta ngondang kapala-kapala pamarentahan, perwira-perwira militer jeung tokoh-tokoh urang Galilea,

²² Dina eta pesta teh putri Herodias ngibing. Ibinganana kacida nyukakeunana ka Herodes jeung tamu-tamuna. Raja ngalahir ka eta murangkalih, "Nyai hayang naon, sebutkeun bae, tangtu dikabul."

²³ Raja terus sumpah, saurna, "Ama sumpah, naon bae pamenta Nyai, menta saparo karajaan Ama ge tan wande diluluskeun."

²⁴ Eta murangkalih kaluar heula tina pesta, naros ka ibuna, "Kedah nyuhunkeun naon?" Saur ibuna, "Nyuhunkeun hulu Yohanes Jurubaptis!"

²⁵ Putri ngadeuheus deui ka raja ngucapkeun panuhunna, "Nyuhunkeun sirah Yohanes

Jurubaptis ayeuna keneh, bantun ka dieu dina baki!"

²⁶ Ngadangu pamenta kitu Herodes jadi nalangsa, tapi teu iasa nolak lantaran geus sumpah tur di payuneun tamu-tamu.

²⁷ Tuluy miwarang hiji pangawal sina nyokot mastaka Yohanes. Pangawal tuluy indit ka panjara neukteuk mastaka Yohanes.

²⁸ Mastakana dibakian dihaturkeun ka eta putri, ku eta putri diserenkeun ka ibuna.

²⁹ Layon Yohanes dicokot ku murid-muridna tuluy dipendem.

³⁰ Utusan-utusan Yesus geus marulang, geus kumpul deui jeung Anjeunna, nyaritakeun hasil lampah jeung pangajaranana ka jalma rea.

³¹ Tapi teu bisa jongjon, sabab jelema-jelema nu daratang nu arindit kacida lobana, nepi ka Yesus jeung murid-murid-Na teu kaburu tuang-tuang acan. Ku sabab eta saur Yesus ka murid-murid, Urang nytingkir heula neangan tempat sepi ngarah rineh, jeung supaya maraneh bisa ngaso heula sakeudeung.

³² Tuluy naraek kana parahu rek ka tempat anu sepi.

³³ Tapi loba anu narenjoeun tur warawuheun saha-sahana. Jelema-jelema ti kota-kota di eta daerah tuluy nyarusul lalumpatan jalan darat, daratangna ka tempat anu dijugjug ku Yesus jeung murid-murid ti hareula.

³⁴ Barang Yesus lungsur tina parahu, jelema-jelema geus loba. Anjeunna kacida hawatoseunana, asa ningali domba teu aya anu ngangonna. Prak bae ku Anjeunna diwulang rupa-rupa hal.

³⁵ Sanggeus burit murid-murid arunjukan, "Pa, parantos burit, sareng ieu tempat teh mencil.

³⁶ Jalmi-jalmi piwarang mios sina maleser tedaenana ka desa-desa anu caraket."

³⁷ Waler-Na, "Ku maraneh bae suguhan saaya-aya." Ceuk murid-murid, "Jadi abdi-abdi kedah mios meser tedaen pangaos dua ratus uang perak keur nyuguhanana?"

³⁸ Yesus mariksa, "Roti anu maraneh aya sabaraha, coba ilikan." Sanggeus diilikan, jawabna, "Lima, sareng lauk dua siki."

³⁹ Anjeunna miwarang ka murid-murid supaya jelema-jelema teh digumpluk-gumpluk sina dariuk dina jukut hejo.

⁴⁰ Gek jelema-jelema dariuk gugumplukan, sagumplukna aya nu saratusan, aya nu lima puluhan.

⁴¹ Yesus nyandak roti anu lima siki jeung laukna dua siki, tuluy tanggah ka langit muji sukur ka Allah. Geus kitu rotina disemplekan, dipasihkeun ka murid-murid sina dibagikeun ka nu rea. Laukna ge dibagikeun.

⁴² Unggal jelema dalaharna seubeuh.

⁴³ Roti jeung lauk teh malah aya sesana, dikumpulkeun ku murid-murid meunang dua welas karanjang pinuh.

⁴⁴ Anu disuguh dahar teh kabehna aya lima rebu urang lalaki.

⁴⁵ Harita keneh Yesus miwarang murid-murid kana parahu, sina ti heula meuntas talaga ka Betsaida, ari nu rea dipiwarang budal.

⁴⁶ Anjeunna oge amitan tuluy unggah ka hiji pasir rek neneda.

⁴⁷ Nyalira bae di dinya nepi ka peuting, ari murid-murid geus aya di tengah talaga.

⁴⁸ Kauninga ku Anjeunna murid-murid keur susah payah ngawelolah lantaran parahuna mapag angin. Ku sabab eta antara pukul tilu subuh jeung pukul genep isuk Anjeunna nyusul, angkat napak kancang dina cai.

Angkat-Na semu rek terus ngalangkungan,

⁴⁹ tapi murid-murid narenjoeun ka Anjeunna nu keur angkat dina cai sarta nyangka Anjeunna teh jurig, nepi ka ting garoak.

⁵⁰ Maranehna kacida sarieuneunana barang narenjoeun ka Anjeunna teh. Yesus gancang ngagentaan, saur-Na, "Teger! Kami ieu teh, ulah sarieun!"

⁵¹ Anjeunna terus naek kana parahu, jep angin jempe. Murid-murid-Na beuki tambah hareraneun,

⁵² lantaran kaheran maranehna ku hal roti lima siki bisa dipake nyuguh dahar lima rebu

urang tea oge can leungit. Eta kabeh teu katepi ka pangartina.

⁵³ Meuntasna terus kebat sarta geus narepi ka tanah Genesaret, parahuna dicangcang.

⁵⁴ Barang tarurun tina parahu, urang dinya ujug-ujug wawuheun bae ka Yesus.

⁵⁵ Maranehna terus lalumpatan ka jero kampung ngabejaan anu sejen. Sanggeus nyarahoeun yen aya Anjeunna, tuluy kalaluar marawa anu garering dina samak.

⁵⁶ Saterusna ka mana bae sumping-Na, ka desa, ka kota, ka lembur, jelema-jelema merul marawa anu garering ka alun-alun, bari nunuhun ka Anjeunna supaya anu garering teh diidinan nyabak kana tungtung jubah-Na bae wungkul. Sakur anu nyabak kabeh calageur tina kasakitna.

7 ¹Aya rombongan urang Parisi jeung guru-guru agama Yahudi ti Yerusalem anu daratang ka Yesus.

²Maranehna narenjoeun yen aya murid-murid Yesus anu dalaharna ku leungeun anu ceuk agama mah henteu beresih, nya eta leungeunna henteu dikumbah heula nurutkeun aturan anu ku urang Parisi diparentahkeun ka jalma-jalma.

³(Urang Parisi, sakumaha umumna bangsa Yahudi, kacida tuhuna kana adat karuhun, tara waka prak dahar lamun tacan beberesih heula leungeun nurutkeun cara anu tangtu.

⁴Kitu deui, dahareun naon bae anu asalna ti pasar tara terus didahar lamun tacan dikumbah heula. Loba deui adat tittinggal karuhunna teh, kayaning aturan meresihan cangkir, mangkok, paparabotan tina tambaga, jeung tempat tidur.)

⁵Ku sabab kitu eta urang Parisi jeung guru-guru agama teh naranyakeun ka Yesus, pokna, "Ku naon murid-murid Anjeun henteu nurut kana adat karuhun urang, dalahar make leungeun anu ceuk agama henteu beresih?"

⁶Waler Yesus, "Aranjeun teh munapek! Cocog jeung ramalan Yesaya ngeunaan aranjeun, anu kieu tea: Ieu jelema-jelema, dawuhan Allah, hormatna ka Kami ngan semet omonganana, hatena mah jauh ti Kami.

⁷Cumah bae ibadah ka Kami, sabab ngajarkeun aturan beunang manusa, anu dianggapna aturan ti Kami.

⁸Kitu aranjeun teh, satia kana aturan beunang manusa, miceun parentah ti Allah."

⁹Saur-Na deui, "Aranjeun kacida pinterna ngalindih parentah Allah ku aturan sorangan teh!

¹⁰Parentah ti Musa, Kudu hormat ka indung bapa, jeung, Anu ngagogoreng ka indung bapa kudu dipaehan.

¹¹(7:11-12) Tapi anu diajarkeun ku aranjeun mah, majar jelema anu boga naon bae anu bisa dipake nulung bapana atawa indungna,

tapi nyebutkeun, Ieu mah kurban, (anu maksudna geus dibaktikeun ka Allah), eta jelema dibebaskeun tina kawajibana nulung ka bapana atawa ka indungna.

¹²(7:11)

¹³Ku lantaran kitu, eta pangajaran aranjeun anu dikeunakeun ka nu sejen teh ngabatalkeun dawuhan Allah. Loba keneh hal-hal saperti kitu anu dilampahkeun ku aranjeun teh."

¹⁴Geus kitu jalma rea ku Anjeunna sina kumpul deui. Ti dinya saur-Na, "Darengekeun ku sarerea, supaya ngarti.

¹⁵Anu asal ti luar asup ka awak urang teu aya anu matak najis. Anu matak jadi najis mah anu kaluar ti diri urang.

¹⁶[Pek darengekeun ari baroga ceuli mah!]"

¹⁷Sanggeus Anjeunna aya di bumi ngantunkeun nu rea, murid-murid marenta diterangkeun pilahir-Na anu tadi.

¹⁸Waler-Na, "Kutan maraneh ge saruana teu ngarti kana eta hal? Anu asal ti luar asup kana awak, memang teu aya nu matak najis,

¹⁹sabab asupna lain kana hate tapi ka jero beuteung, ti dinya kaluar deui." (Ieu kasaurana-Na netelakeun yen kadaharan mah naon bae ge meunang didahar.)

²⁰Saur-Na deui, "Anu matak najis teh anu kaluar ti jelema.

²¹Sabab anu asal ti jero bijil kaluar mah kaluarna ti jero hate, nya eta rupa-rupa

pikiran goreng anu mawa kana lampah tuna
susila, maling, maehan,

²² ngaranyed, hawek, migawe rupa-rupa
kajahatan, nипу, nyieun kaaeban, mitenah,
dengki, gede hulu, teu bisa diwarah.

²³ Ieu sipat-sipat jahat, kabeh bijilna ti jero
hate, matak najis ka diri."

²⁴ Ti dinya Yesus angkat ka hiji daerah
deukeut kota Tirus, lebet ka hiji imah
hoyongeun ulah kanyahoan aya di dinya. Tapi
sumping-Na teh teu bisa disumput-sumput.

²⁵ (7: 25-26) Aya hiji awewe meunang
beja yen Anjeunna sumping, buru-buru
ngadeuheus, sujud kana sampeana-Na. Eta
awewe teh lain urang Yahudi, lahirna di
Penesia bawahan Siria. Anakna anu awewe
kasurupan roh jahat. Manehna nunuhun ka
Yesus supaya eta roh jahat dikaluuarkeun ti
anakna.

²⁶ (7: 25)

²⁷ Tapi waler Yesus, "Anu kudu diheulakeun
daharna teh barudak. Salah nyokot dahareun
barudak terus dibikeun ka anjing."

²⁸ "Juragan," tembalna, "anjing oge di kolong
meja sok kabagian sesa-sesa tilas barudak."

²⁹ Saur Yesus, "Ku sabab maneh ngajawab
kitu, jig geura balik, engke anak maneh
kasampak geus waras, roh jahatna geus
kaluar."

³⁰ Eta awewe tuluy balik, kasampak anakna
keur ngedeng, roh jahatna geus nytingkah.

³¹ Ti daerah Tirus Yesus jengkar ka Talaga Galilea ngalangkung Sidon, jalanna ka daerah Sapuluh Kota.

³² Aya anu mawa jelema anu nya torek nya pireu, supaya ku Anjeunna ditumpangan panangan.

³³ Yesus nyandak eta jelema misah ti nu rea, tuluy remana diantelkeun ka jero ceuli eta jelema. Geus kitu Anjeunna ngaludah terus nyabak kana letahna.

³⁴ Bari tanggah ka langit Anjeunna ngarenghap jero tuluy ngalahir, "Epata!" hartina "Muka!"

³⁵ Harita keneh eta jelema teh jadi bisaeun ngadenge, sarta letahna anu balelol jadi bener, ngomongna bentes.

³⁶ Maranehna ku Yesus teu meunang cacarita ka nu sejen. Tapi beuki dicarek, ngabeja-bejakeunana beuki rosa.

³⁷ Sakur anu ngadarenge hal eta mani hareraneun sarta ngaromong kieu, "Sagala damel-Na sarwa sampurna! Nu torek ge nepi ka bisa ngadenge, nu pireu nepi ka bisa ngomong!"

8¹ Teu lila ti harita, geus loba deui bae jelema anu kumpul. Sanggeus maranehna geus teu barogaeun deui dahareun, Yesus nyaur murid-murid-Na ka Anjeunna, terus ngalahir,

²"Karunya ieu jelema-jelema teh. Geus tilu poe di darieu jeung Kami, ayeuna geus henteu barogaeun jang dahar.

³Lamun dititah balik teu dalahar heula tangtu kalempahan, sabab loba ti nu jarauh."

⁴Piunjuk murid-murid, "Nanging di gurun keusik sapertos kieu ti mana bade kenging tedaen kangge jalmi sakitu seueurna?"

⁵"Sabaraha roti nu maraneh?" Yesus mariksa. Tembalna, "Tujuh."

⁶Anjeunna miwarang jalma rea dariuk dina taneuh. Roti anu tujuh siki dicandak, Anjeunna muji sukur ka Allah. Geus kitu rotina disemplekkan dipaparinkeun ka murid-murid sina dibagikeun. Prak dibagikeun.

⁷Lauk oge aya saeutik tuluy disanggakeun ka Anjeunna. Anjeunna muji sukur deui, laukna dipiwarang dibagikeun.

⁸(8: 8-9) Jelema-jelema geus dalahar, kabeh sareubeuheun. Malah aya sesana, ku murid-murid dikumpulkeun meunang tujuh karanjang. Anu disuguh dahar kabehna opat rebu urang. Sanggeus dalahar ku Anjeunna dipiwarang baralik.

⁹(8: 8)

¹⁰Ari Anjeunna harita keneh naek kana parahu jeung murid-murid, ngajugjug ka daerah Dalmanuta.

¹¹Aya sawatara urang Parisi daratang ka Yesus, terus ngajak sual jawab ka Anjeunna. Niat maranehna hayang ngeuradan Anjeunna,

tuluy marenta supaya Anjeunna ngadamel kaajaiban geusan ngabuktikeun yen Anjeunna asal ti Allah.

¹²Yesus nepi ka ngarenghap, tuluy ngalahir, "Naon sababna jalma-jalma jaman ayeuna marenta kaajaiban? Moal! Kami moal nembongkeun kaajaiban naon-naon ka maranehna!"

¹³Anjeunna terus naek kana parahu, meuntas talaga.

¹⁴Ari murid-murid parohoeun mawa roti sacukupna, dina parahu teh ngan boga roti sahiji.

¹⁵Yesus ngalahir, "Maraneh kudu ati-ati ku ragi urang Parisi jeung ragi Herodes."

¹⁶Maranehna terus ngaromongkeun hal eta, pokna, "Nu matak Anjeunna ngalahir kitu teh lantaran urang teu boga roti."

¹⁷Omonganana kadangueun ku Yesus. "Ku naon ngaromong teu boga roti?" saur-Na. "Naha can nyaraho atawa can ngalarti keneh? Na enya pikiran maraneh teh kacida mintulna?

¹⁸Baroga panon, teu barisa nenjo? Baroga ceuli, teu barisa ngadenge? Na geus teu aringet,

¹⁹roti lima siki ku Kami disemplekan pikeun lima rebu jelema? Sabaraha karanjang sesana?" "Dua welas karanjang," tembalna.

²⁰"Jeung basa roti anu tujuh siki dipake nyuguhan opat rebu jelema, sabaraha

karanjang sesana?" "Tujuh karanjang," jawabna.

²¹ "Naha atuh tacan ngalarti keneh bae?" saur-Na.

²² Sanggeus narepi ka Betsaida, aya nu mawa jelema lolong ka Anjeunna, menta diidinan nyabak.

²³ Jelemana ku Anjeunna terus ditungtun, dicandak kaluar ti jero lembur. Geus kitu panonna diludahan jeung ditumpangan panangan. "Kumaha, geus aya anu katenjo?" Anjeunna mariksa.

²⁴ Eta jelema neuteup ka hareup. "Sumuhun, ningal jalmi-jalmi," jawabna. "Mung katingalna sapertos tatangkalan laleumpang."

²⁵ Panonna ku Yesus ditumpangan deui panangan. Manehna upaya neges-negeskeun panenjona, bray tetenjoanana pulih, sagala rupa katenjona eces.

²⁶ Ku Anjeunna dijurung balik, tapi disauran kieu, "Ulah ka lembur nu tadi deui."

²⁷ Yesus terus angkat deui jeung murid-murid, ka kampung-kampung deukeut Kesarea Pilipi. Bari angkat Anjeunna mariksa, "Cik Kami bejaan, ceuk jalma rea Kami teh saha?"

²⁸ Tembal maranehna, "Aya nu nyebatkeun Yohanes Jurubaptis, aya nu nyebatkeun Elias, aya oge anu nyebatkeun salah sawios nabi."

²⁹"Ari ceuk maraneh, Kami saha?" Yesus mariksa deui. Jawab Petrus, "Bapa teh Kristus, Jurusalamet!"

³⁰"Ulah dibejakeun ka nu sejen saha Kami anu saenyana," saur-Na.

³¹Saur Yesus deui, "Putra Manusa teh bakal kacida dikaniayana, sarta bakal ditolak ku para kokolot, ku imam-imam kapala, jeung ku guru-guru agama. Putra Manusa teh bakal dipaehan, tapi sanggeus tilu poe Kami bakal hirup deui."

³²Nyaurkeunana mani sageblasna pisan. Petrus mah terus bae ngajak nyisi ka Anjeunna, tuluy ngahaturanan wawadi.

³³Tapi Anjeunna malik, neuteup ka murid-murid, tuluy nyeukseukan ka Petrus, saur-Na, "Nyingkah maneh, Tukang Ngagoda! Eta pikiran maneh teh datangna ti manusa, lain asal ti Allah!"

³⁴Geus kitu Anjeunna nyaur nu rea kitu deui murid-murid, tuluy nyarios kieu, "Jelema anu rek anut ka Kami kudu poho kana kapentingan dirina sorangan, kudu manggul salibna, terus nuturkeun Kami.

³⁵Sabab jelema anu leuwih meningkeun kasalametan hirupna, nyawana bakal leungit. Sabalikna anu leupas nyawana ku karana Kami jeung ku karana wawaran Injil, nyawana bakal salamet.

³⁶ Naha aya untungna meunangkeun saalam dunya tapi nyawana cilaka? Sama sakali teu aya!

³⁷ Taya naon-naon anu bisa dipake meunangkeun deui nyawana.

³⁸ Jelema anu era ngaku ka Kami jeung kana pangajaran Kami dina jaman anu doraka jeung jahat kawas ayeuna, Putra Manusa oge lamun geus aya dina kamulyaan Rama-Na jeung para malaikat saruci, bakal era ngaku ka jelema kitu."

9 ¹ Saur-Na deui, "Kami ngabejaan: Ti anu araya di dieu ayeuna, aya anu moal waka maot samemeh nenjo heula datangna Karajaan Allah reujeung kakawasaanana."

² Heuleut genep poe ti harita, Yesus unggah ka hiji gunung anu luhur, nyandak Petrus, Yakobus jeung Yohanes. Di luhur gunung ngan opatan bae. Katarenjo ku nu tiluan, di dinya Yesus salin rupi,

³ sarta panganggo-Na jadi bodas gumebyar, di dunya moal aya anu bisa nyeuseuh sakitu bodasna.

⁴ Geus kitu eta tilu murid teh narenjo aya Elias jeung Musa keur sasauran jeung Yesus.

⁵ Pok Petrus ngomong, unjukan ka Yesus, "Pa Guru, ku raraos di dieu teh! Urang ngadamel kemah tilu, hiji kangge Bapa, hiji kangge Musa, hiji kangge Elias."

⁶Petrus, nya kitu deui nu sejaenna kacida ngarasa sieunna, nepi ka manehna teu nyaho naon anu kudu diucapkeun.

⁷Sabot kitu aya mega ngaliputan aranjeunna ku kalangkangna, sarta tina eta mega aya soara kieu, "Ieu teh Putra kaasih Kami. Sing narurut ka Anjeunna!"

⁸Gancang maranehna luak-lieuk ka ditu ka dieu, tapi teu nenjo sasaha, ngan tinggal Yesus.

⁹"Tetenjoan maraneh tadi ulah dicaritakeun ka saha-saha, nepi ka waktu Putra Manusa hudang deui ti nu maraot," saur Yesus ka maranehna waktu keur marudun ti gunung.

¹⁰Pesen Anjeunna ku maranehna digumatikeun. Tapi maranehna ngaromongkeun lahiran Anjeunna nu tadi, carekna, "Naon maksudna hudang ti nu maraot teh?"

¹¹Tuluy naranya kieu ka Anjeunna, "Ku naon saur guru-guru agama mah Elias nu bakal sumping ti heula?"

¹²Waler-Na, "Bener, Elias heula nu kudu sumping pikeun memeres sagala kaayaan. Tapi Kitab Suci geus nyebutkeun, Putra Manusa teh bakal dikaniaya jeung dihina-hina ku manusa. Naon sababna?

¹³Kami ngabejaan, saenyana Elias teh geus sumping, tapi jelema-jelema ka anjeunna teh sakarep-karep pisan, cocog sakumaha anu disebutkeun dina Kitab Suci."

¹⁴ Waktu Yesus sumping jeung murid-Na anu tiluan, murid-murid sejenna keur dirubung-rubung ku jalma rea, keur pacental-ental jeung guru-guru agama.

¹⁵ Jalma rea karageteun narenjo Yesus sumping teh, tuluy lalumpatan marapagkeun.

¹⁶ Yesus mariksa ka murid-murid, "Keur ngaributkeun naon jeung guru-guru agama?"

¹⁷ Ti jalma rea aya anu ngajawab, "Pa Guru, abdi teh ngabantun ieu pun anak anu diraksuk ku roh jahat, teu tiasa ngomong-ngomong acan.

¹⁸ Upami nuju jadi, pun anak dugi ka dibuntang-banting kana taneuh ku eta roh jahat, sungutna ngabudah, huntuna ngancing, sakujur awakna jadi jeger. Parantos nyuhunkeun tulung ka murid-murid Bapa, nanging teu tariasaeun."

¹⁹ Yesus ngalahir ka murid-murid-Na, "Ari maraneh ku teu baroga kapercayaan! Na Bapa teh kudu reureujeungan bae jeung maraneh? Kudu nepi ka mana Bapa nyabaran maraneh teh? Bawa ka dieu budakna!"

²⁰ Tuluy budakna diasongkeun ka Anjeunna. Barang eta roh jahat nenjoeun ka Yesus, seug budakna disina jeger nepi ka ngaguling kana taneuh terus gugulitikan, sungutna ngabudah.

²¹ "Geus sabaraha lilana kieuna?" Yesus mariksa ka bapa eta budak. "Sumuhun ti aalit," tembalna.

²²"Sering meh-meh tiwas ku eta roh jahat digulingkeun kana seuneu atanapi ka jero cai. Upami leres Bapa iasa, abdi nyuhunkeun sih piwelas, mugi ditulungan."

²³"Puguh bae," waler-Na, "asal maneh oge percaya. Moal aya nu mustahil pikeun jelema anu percaya mah."

²⁴Bapa eta budak ngajawab satengah ngagero, "Kantenan abdi percanten, mung henteu mantep. Mugi eta kapercayaan abdi teh ku Bapa disina mantep!"

²⁵Katingali ku Yesus jalma rea beuki nyedek ka Anjeunna, tuluy bae nimbalan ka eta roh jahat, "Eh, roh anu nya torek nya pireu! Parentah Kami, maneh geura nyingkir, ulah nyurup-nyurup deui ka eta budak!"

²⁶Eta roh jahat ngagerung sarta budakna disina jeger, ti dinya eta roh jahat teh kaluar. Budak teh katenjona mani kawas mayit, nepi ka ceuk sarerea, "Geus paeh!"

²⁷Tapi ku Yesus dicepeng leungeunna dihudangkeun, tuluy nangtung.

²⁸Sanggeus Yesus aya di jero imah, murid-murid naranyakeun kieu, "Ku naon ku abdi-abdi mah teu tiasa diusir eta roh jahat teh?"

²⁹Waler-Na, "Roh jahat anu tadi mah ku naon-naon ge teu bisa diusir salian ti ku paneda."

³⁰ Yesus angkat deui ti dinya jeung murid-murid, ngalangkung Galilea. Anjeunna teu kersaeun kanyahoan aya di mana,

³¹ sabab keur ngawulang ka murid-murid-Na. "Putra Manusa teh bakal diserenkeun kana kakawasaan manusa, tuluy dipaehan," saur-Na. "Tapi sanggeus tilu poe bakal hudang deui ti nu maraot."

³² Murid-murid-Na teu ngalartieun, tapi teu waranieun nanyakeun.

³³ Yesus jeung murid-murid-Na geus nepi ka Kapernaum. Sanggeus aya di jero imah, Yesus mariksa ka murid-murid, saur-Na, "Cekcok naon maraneh tadi di jalan?"

³⁴ Maranehna teu ngajarawab, sabab anu direcokkeun teh perkara saha anu pangpunjulna.

³⁵ Yesus calik, murid-murid kabeh dipiwarang kumpul, tuluy nyarios, "Anu hayang jadi nomer hiji kudu daek jadi panungtung, jeung kudu daek ngawula ka nu sejen."

³⁶ Ti dinya Anjeunna nyandak hiji budak leutik ditangtungkeun hareupeun maranehna. Anjeunna nyarios deui bari nangkeup ka eta budak, saur-Na,

³⁷ "Anu daek ngaku ka budak pantar kieu ku karana Kami, sarua jeung ngaku ka Kami. Jelema anu ngaku ka Kami, ngakuna lain ka Kami bae, tapi ngaku ka Mantenna ongkoh, anu ngutus Kami."

³⁸ Yohanes mihatur ka Yesus, "Pa Guru, abdi-abdi kantos ningal jalmi anu ngusir roh jahat nyebat jenengan Bapa. Ku abdi-abdi dicarek margi manehna sanes ti urang."

³⁹ Waler-Na, "Ulah dihalang-halang. Sabab moal aya jelema anu tas nyieun kaajaiban demi ngaran Kami, tuluy buru-buru ngagogoreng Kami.

⁴⁰ Sabab jelema anu henteu ngalawan ka urang, eta aya di pihak urang.

⁴¹ Sing percaya, jelema anu daek mere nginum ka maraneh lantaran ngingetkeun maraneh panganut Kami, pasti bakal narima ganjaranana."

⁴² "Upama aya jelema anu ngalantaraneun salah sahiji budak leutik pantar kieu ingkar ti Kami, eta jelema leuwih hade dibangbaluhan beuheungna ku batu panggilingan, terus alungkeun ka jero laut.

⁴³ Ku sabab kitu, upama leungeun maraneh nu hiji matak ingkar tina kapercayaan, teukteuk bae! Mending ngan boga leungeun hiji tapi hirup di Allah, ti batan boga leungeun dua, tapi diri sakujur asup ka naraka, ka jero seuneu langgeng.

⁴⁴ [Seuneuna moal pareum-pareum, bilatungna moal paeh-paeh.]

⁴⁵ Lamun suku maraneh anu hiji matak ingkar tina kapercayaan, teukteuk bae! Mending ngan boga suku hiji tapi hirup di

Allah, ti batan boga suku dua tapi badan sakujur asup ka naraka.

⁴⁶ [Seuneuna moal pareum-pareum, bilatungna moal paeh-paeh.]

⁴⁷ Lamun panon maraneh nu hiji matak ingkar tina kapercayaan, cokel bae! Mending ngan boga panon hiji asup ka Karajaan Allah, ti batan boga panon dua tapi badan sakujur asup ka naraka.

⁴⁸ Di dinya dihakanan ku bilatung anu moal paeh-paeh, diduruk ku seuneu anu moal pareum-pareum.

⁴⁹ Unggal jelema bakal disucikeun ku seuneu, saperti kurban disucikeun ku uyah.

⁵⁰ Uyah teh alus. Tapi lamun uyah jadi teu asin, kumaha ngasinkeunana deui? Jadi maraneh kudu saperti uyah, kudu ngadulur, hirup kudu rukun."

10¹ Yesus angkat deui ti eta tempat ka daerah Yudea, meuntasan Walungan Yordan. Di dinya ge dirubung-rubung deui ku jalma rea, sarta saperti biasana Anjeunna terus maparin piwulang.

² Urang Parisi ge aya nu daratang, niatna rek ngadoja ka Anjeunna. "Kumaha Hukum Agama urang ngidinan lalaki nyerahkeun pamajikanana?" maranehna nyual.

³ Ku Yesus diwaler ku sual deui, "Parentah Musa ka aranjeun kumaha?"

⁴ Jawabna, "Musa ngidinan lalaki nyerahkeun pamajikan, asal mere surat talak."

⁵Saur Yesus, "Musa pang ngayakeun aturan kitu ka aranjeun teh lantaran aranjeun hese pisan diajar.

⁶Sabab dina jaman mimiti mah, nya eta waktu Allah ngajadikeun manusa, ku Kitab Suci disebutkeun yen, Allah ngadamel manusa teh lalaki jeung awewe.

⁷Ku hal eta, lalaki bakal ninggalkeun indung bapana, tuluy ngahiji jeung pamajikanana sarta duanana jadi satunggal.

⁸Ku sabab kitu duanana geus lain dua deui, tapi hiji.

⁹Ku lantaran kitu anu geus dihijkeun ku Allah teu meunang dipisahkeun ku manusa."

¹⁰Sanggeus araya di imah, hal eta ku murid-murid ditanyakeun ka Anjeunna.

¹¹Ari saur-Na, "Lalaki anu nyerahkeun pamajikanana tuluy kawin deui ka awewe sejen, eta lalaki teh ngaranyed ti pamajikanana.

¹²Kitu keneh awewe anu ninggalkeun salakina tuluy kawin ka lalaki sejen, eta awewe teh ngaranyed ti salakina."

¹³Aya nu marawa barudak leutik ka Yesus, sina ditumpangan panangan ku Anjeunna, tapi ku murid-murid dicarekan.

¹⁴Kauninga ku Yesus, seug murid-murid teh diseuseul, sarta saur-Na deui, "Ingkeun eta barudak teh sina ka Kami, ulah dipegatan, sabab Karajaan Allah teh nya pikeun

jelema-jelema anu hatena saperti hate ieu barudak.

¹⁵Inget, jelema anu henteu narima kana Karajaan Allah saperti budak leutik, moal bisa asup ka eta Karajaan."

¹⁶Geus kitu eta barudak teh dirangkulon, ditumpangan panangan, diberkahan.

¹⁷Barang Yesus rek angkat neruskeun perjalanan, aya nu lumpat nyampeurkeun, terus deku di payuneuna-Na. "Pa Guru nu sae," carekna, "kedah kumaha lampah abdi supados kenging hirup langgeng?"

¹⁸Waler Yesus, "Ku naon Kami disebut hade? Jelema mah taya nu hade, ngan Allah bae.

¹⁹Hidep tangtu nyaho parentah-parentah anu kieu: Ulah maehan; ulah ngaranyed; ulah maling; ulah jadi saksi bohong; ulah nипу; sing hormat ka indung bapa."

²⁰"Pa Guru," jawabna, "eta ku abdi parantos dilakonan ti aalit."

²¹Eta jelema ku Yesus dipeleng bangun nyaah. "Tinggal sarupa deui," saur-Na, "jualan kabeh babandaan hidep, duitna serenkeun ka kaom miskin supaya hidep beunghar di sawarga. Geus kitu ka dieu, tuturkeun Kami."

²²Diwaler kitu teh beungeutna mani alum, terus undur bangun nalangsa, kawantu kacida beungharna.

²³ Yesus neuteup ka murid-murid, tuluy sasauran, "Hese naker jelema beunghar mah asup ka Karajaan Allah teh!"

²⁴ Murid-murid tingrarenjag. Tapi Yesus sasauran deui, "Barudak! Kacida hesena asup ka Karajaan Allah teh!"

²⁵ Leuwih hese jelema beunghar asup ka Karajaan Allah ti batan onta moncor kana liang jarum."

²⁶ Murid-murid beuki aroloholok, tuluy patanya-tanya, "Lamun kitu, saha nu bisa salamet?"

²⁷ Ku Yesus diteuteup kabeh. "Memang, sual eta pikeun jelema mah mustahil, tapi di Allah mah henteu. Allah mah sagala rupa ge iasa."

²⁸ "Pa Guru," ceuk Petrus, "abdi-abdi parantos ngantunkeun sagala rupi, teras ngiring ka Bapa."

²⁹ "Bener!" waler-Na. "Jeung saha-saha anu iklas ninggalkeun rumah-tanggana atawa ninggalkeun dulurna nu lalaki, nu awewe, atawa ninggalkeun indung atawa bapa atawa anak atawa pakaya lantaran beurat ka Kami jeung kana Injil Kasalametan ti Allah,

³⁰ dina jaman ieu bakal meunang gantina leuwih loba. Manehna bakal narima saratus kalieun: imah, dulur lalaki, dulur awewe, indung, anak, pakaya, nya kitu deui panganiayaan, sarta dina jaman nu bakal datang bakal narima hirup anu langgeng.

³¹ Tapi ti nu ayeuna geus ti hareula loba nu bakal jadi pandeuri, sabalikna anu ayeuna ti pandeuri loba nu bakal jadi pangheulana."

³² Yesus jeung murid-murid-Na keur di jalan ka Yerusalem. Yesus angkatna hareupeun murid-murid anu keur pinuh ku kahariwang, kitu deui sakur anu naluturkeun di tukang oge kabeh ngarasa risi. Yesus nyaur dua welas murid-Na sina dareukeut, tuluy nyarioskeun hal anu bakal kasorang ku Anjeunna.

³³ "Darengekeun," saur-Na, "urang ayeuna rek ka Yerusalem. Di ditu Putra Manusa teh bakal diserenkeun ka imam-imam kapala jeung ka guru-guru agama. Ku maranehna bakal diterapan hukum pati, tuluy diserenkeun ka bangsa nu lain Yahudi.

³⁴ Ku eta bangsa bakal dipoyok, diciduhan, dirangket, ahirna dipaahan. Tapi sanggeus tilu poe bakal hirup deui."

³⁵ Geus kitu Yakobus jeung Yohanes, anak Sebedeus, ngadeukeutan ka Anjeunna tuluy mihatur, "Pa Guru, abdi gaduh panuhun."

³⁶ "Naon," Yesus mariksa.

³⁷ Tembalna, "Upami Bapa parantos linggih dina tahta Karajaan Bapa anu mulya, abdi duaan nyuhunkeun tempat gedengeun Bapa, tengeneun sareng kiwaeun."

³⁸ Waler-Na, "Maraneh teu nyaho ka nu dipenta. Sanggup maraneh nginum lumur eusi kasangsaraan anu rek diinum ku Kami?

Sanggup dibaptis ku baptisan anu rek dilakonan ku Kami?"

³⁹ Jawabna, "Sanggem." Saur Yesus, "Memang, maraneh ge bakal nginum eusi lumur anu ku Kami kudu diinum, jeung bakal dibaptis ku baptisan anu ku Kami kudu dilakonan.

⁴⁰ Tapi Kami henteu wenang nangtukeun anu kudu diuk di kenza katuhueun Kami. Eta tempat disadiakeunana ku Allah, pikeun jelema-jelema anu geus dikersakeun ku Mantenna."

⁴¹ Murid-murid sejen ngadarenge eta pamenta teh arambekeun ka Yakobus jeung Yohanes.

⁴² Ku sabab kitu Yesus ngalahir ka sarerea, "Maraneh nyaho, bangsa anu teu wawuh ka Allah mah nu jadi pamarentahna sakawenang-wenang, nu jaradi pamingpin-pamingpinna sakama-kama ka rahayatna teh.

⁴³ Maraneh mah ulah kitu. Lamun hayang jadi nu punjul kudu daek ngawula ka nu sejen,

⁴⁴ lamun hayang jadi nomer hiji kudu ngawula ka nu rea.

⁴⁵ Putra Manusa oge ka dunya teh lain hayang dikawulaan, malah rek ngawulaan jeung ngorbankeun nyawa-Na supaya loba jelema anu salamet."

⁴⁶ Sanggeus narepi ka Yeriho, sarta barang Yesus jeung murid-murid kitu deui jalma loba

kaluar ti eta kota, aya nu lolong keur diuk baramaen sisi jalan, ngaranna Bartimeus, anak Timeus.

⁴⁷ Sanggeus nyahoeun yen aya Yesus urang Nasaret, tuluy bae gegeroan, pokna, "Yesus, Putra Daud! Sing hawatos ka abdi!"

⁴⁸ Ku jalma rea disentak dititah jempe, tapi kalah ka beuki bedas, "Putra Daud! Sing hawatos ka abdi!"

⁴⁹ Yesus liren sarta ngalahir, "Calukan ka dieu." Tuluy eta nu lolong teh dicalukan. Ceuk nu nareangna, "Sing senang! Maneh disaur ku Anjeunna!"

⁵⁰ Bartimeus ngalungkeun jubahna, jung nangtung tuluy nyampeurkeun ka Yesus.

⁵¹ Yesus mariksa, "Hayang dikumahakeun ku Kami teh?" "Pa Guru," jawabna, "abdi hoyong tiasa deui ningal."

⁵² "Heug, cageur! Sabab maneh percaya ka Kami," saur-Na. Dadak sakala manehna bisaeun nenjo, tuluy milu ngiring Anjeunna.

1 1 ¹ Yesus jeung murid-murid geus dareukeut ka Yerusalem, geus aya di Betpage jeung Betania di Gunung Jetun. Ti dinya Yesus miwarang dua murid sina ti heula,

² sarta dilahiran kieu, "Maraneh kudu ka kampung itu di hareup. Sasupna ka ditu engke manggih anak kalde keur dicangcang, ngora keneh pisan tacan kungsi aya nu numpakan. Buka cangcangna, bawa ka dieu.

³Lamun aya anu nanyakeun maraneh keur naon, bejakeun rek dianggo heula ku Gusti, engke dipulangkeun deui."

⁴Nu dipiwarang bral arindit. Anak kalde kapanggih keur dicangcang kana panto imah di sisi jalan. Sabot maranehna keur muka panyangcangna,

⁵jelema-jelema anu keur narangtung di dinya naranya, "Hey, keur naraon? Ku naon dileupaskeun eta anak kalde teh?"

⁶Sanggeus disebutkeun sakumaha pesen Yesus, ku eta jelema-jelema dibikeun dibawa.

⁷Tuluy dihaturkeun ka Yesus, tonggongna disasarapan ku jubah maranehna, clak Anjeunna nitih.

⁸Jelema-jelema loba anu ngalamparkeun jubahna di jalan, nu sawareh deui ngalamparkeun dangdaunan beunang ngalaan ti kebon-kebon.

⁹Ger jelema-jelema nu di hareup nu ditukang sarurak, "Puji Allah! Mugia anu sumping kalawan pajenengan Pangeran diberkahan ku Allah!"

¹⁰Mugia karajaan anu bakal ngadeg, Karajaan Daud karuhun urang, diberkahan ku Allah. Puji Allah!"

¹¹Yesus lebet ka kota Yerusalem, terus lebet ka Bait Allah, ningalian sakurilingna. Tapi ku sabab harita geus burit, Anjeunna terus ngabujeng ka Betania jeung murid-murid-Na nu dua welas tea.

¹²Poe isukna, waktu Yesus kaluar ti Betania jeung murid-murid, Anjeunna ngaraos lapar.

¹³Ti kajauhan anjeunna ningali hiji tangkal kondang, daunna gomplok, tuluy dicaketan rek ditingalian sugar aya buahna. Tapi barang ditingalian teh ngan daun bae wungkul, sabab can usumna buahan.

¹⁴Yesus ngalahir ka eta tangkal kondang, "Ti semet ieu moal aya deui anu ngahakan buah maneh!" Kasaurana-Na kadarenggeeun ku murid-murid.

¹⁵Sanggeus sumping ka Yerusalem Yesus lebet ka Bait Allah, tuluy ngusiran anu keur jarual beuli di dinya. Meja-meja tukang nalukeurkeun duit jeung bangku-bangku tukang ngajual japati dibalik-balikkeun,

¹⁶sarta jelema-jelema dilarang barangbawa ngaliwat pakarangan Bait Allah.

¹⁷Ti dinya saur-Na ka jalma rea, "Geus ditulis dina Kitab Suci, kieu dawuhan Allah, Bait Kami bakal disarebut tempat paragi sembahyangna sagala bangsa. Tapi ari ku maraneh dijieg sayang begal!"

¹⁸Ucapan Anjeunna kadarenggeeun ku imam-imam kapala jeung guru-guru agama. Maranehna tuluy nareangan jalan supaya bisa maehan Yesus. Maranehna rariseun ku Anjeunna, sabab rahayat kabeh katarik ku pangajarana-Na.

¹⁹Sanggeus burit, Yesus jeung murid-murid-Na kaluar ti jero kota.

²⁰Poe isukna isuk-isuk keneh Yesus jeung murid-murid geus araya di jalan. Tangkal kondang nu kamari teh kasampak geus garing jeung akar-akarna.

²¹Petrus ingeteun kana kajadian kamari di dinya, tuluy unjukan ka Yesus, "Tingali, tangkal kondang anu kamari disapa ku Bapa teh parantos paeh!"

²²Waler Yesus, "Nu matak kudu percaya ka Allah.

²³Kami ngabejaan: Saha bae ge bisa nitah ka ieu pasir sina ngajungjung terus ngunclungkeun maneh ka laut, tangtu kajadian. Tapi ulah cangcaya, kudu percaya enya-enya dina hate yen omonganana bakal kajadian.

²⁴Ku sabab eta Kami ngabejaan, lamun maraneh neneda jeung aya anu dipenta, kudu percaya yen pamenta maraneh saenyana geus dikabul, menta naon ge tangtu dibere.

²⁵Jeung lamun maraneh sembahyang, tapi boga kateungeunah ka batur, hampura heula eta batur teh, supaya kasalahan maraneh oge dihampura ku Rama nu di sawarga.

²⁶[Lamun maraneh henteu ngahampura batur, kasalahan maraneh oge moal dihampura ku Rama nu di sawarga!]"

²⁷Sanggeus sumping ka Yerusalem deui, sabot Yesus angkat-angkatan di jero Bait Allah, daratang imam-imam kapala, guru-guru agama, jeung para kokolot.

²⁸Tuluy naranya ka Anjeunna, "Naon dasarna Anjeun migawe kitu? Meunang hak kitu ti saha?"

²⁹Waler Yesus, "Kaula ge rek nanya ka aranjeun saperkara. Lamun kajawab, kakara pertanyaan aranjeun perkara hak Kaula dijawab.

³⁰Ari Yohanes kagungan hak ngabaptis ti saha? Ti Allah atawa ti manusa?"

³¹Maranehna jadi patanya-tanya jeung pada batur, "Kudu kumaha jawabna? Lamun dijawab Ti Allah, tangtu ceuk manehna, Ku naon atuh aranjeun teu percaya ka Yohanes?

³²Lamun dijawab Ti manusa, matak susah ka urang." (Maranehna sarieuneun ku rahayat ari ngajawab Ti manusa mah, sabab rahayat mah nganggapna ka Yohanes teh nabi.)

³³Tungtungna ngajawabna teh, "Duka teuing!" Saur Yesus, "Ari kitu mah Kaula ge moal ngabejakeun make hak naon Kaula migawe kieu."

12¹ Yesus sasauran deui ka maranehna, ku misil. Saur-Na, "Aya hiji jelema muka kebon anggur. Kebonna dipager, terus nyieun liang pikeun bak pameresan anggur jeung nyieun munara jaga. Sanggeus beres tuluy disewakeun ka sababaraha urang, ari manehna terus nyaba.

²Sanggeus datang usum mpu tuluy nitah bujangna saurang menta hasil sewaan kebonna.

³Tapi bujangna ku nu nyarewa teh diromom pada neunggeulan, tuluy disina balik lengoh.

⁴Dununganana nitahan deui saurang. Tapi ku nu nyarewa teh pada neunggeulan sirahna jeung diwiwirang.

⁵Nitahan deui saurang deui, tapi nu ieu mah malah dipaehan. Sanggeus eta loba deui anu dititah, tapi ku nu nyarewa teh ditareunggeulan, aya oge anu diparaehan.

⁶Tinggal hiji-hijina deui anu can dijurung, anakna, anu dipikanyaah. Ahirna anakna teh dijurungkeun. Ceuk pikiranana, Ku anak aing mah tangtu sarieuneun.

⁷Tapi ceuk nu nyarewa teh, Ieu mah anakna! Urang paehan, sangkan warisanana beunang ku urang.

⁸Geus kitu eta anak nu boga kebon teh ku maranehna dicerek, tuluy dipaehan, mayitna dialungkeun ka luareun kebon.

⁹Cik, eta nu boga kebon teh rek kumaha?" saur Yesus. "Tangtu datang sorangan numpes eta jelema-jelema, ari kebonna disewakeun ka nu sejen.

¹⁰Aranjeun tangtu geus maraca ayat Kitab Suci anu kieu: Batu anu teu kapake ku tukang ngadegkeun, ngajadi batu anu pangutamana.

¹¹Kitu dipidamel-Na ku Pangeran, endahna kabina-bina!"

¹²Karasaeun ku eta para pamingpin Yahudi yen eta misil teh nyindiran maranehna, tuluy bae arek nangkep. Tapi teu waranieun prak,

sarieuneun ku nu rea. Tungtungna tinglaleos arindit.

¹³ Geus kitu maranehna ngutus urang Parisi jeung anggota kaom Herodes, dititah nyual ka Yesus neangan kasalahan Anjeunna.

¹⁴ Maranehna daratang ka Yesus, tuluy ngaromong kieu, "Guru, kaula terang yen Guru nyaurkeun anu bener, kalawan teu salempang ku anggapan nu sejen. Guru ngajarkeun anu bener hal pangersa Allah ka manusa kalawan teu mandang harkat jalma. Ku margi kitu cobi saurkeun nu sayaktosna, upami urang mayar pajeg ka Prabu Rum ngarempak Hukum Agama urang atanapi henteu? Kedah mayar atanapi henteu?"

¹⁵ Tapi Yesus uningaeun yen maranehna rek merdaya, tuluy ngawaler, "Ku naon aranjeun rek merdaya ka Kaula? Tembongkeun ka Kaula duit perakna sagebleg."

¹⁶ Maranehna ngasongkeun sagebleg. Yesus mariksa, "Gambar jeung jenengan saha ieu?" "Prabu," tembalna.

¹⁷ Saur Yesus, "Bayarkeun ka Prabu nu kagungan Prabu, bayarkeun ka Allah nu kagungan Allah." Diwaler kitu teh maranehna ngaharuleng.

¹⁸ Aya deui anu daratang ka Yesus, nya eta urang Saduki, golongan anu nganggap yen anu geus maraot moal harudang deui.

¹⁹ "Guru," ceuk maranehna, "Musa nyeratkeun hukum kieu lampahkeuneun

urang, Salaki anu maotna teu boga anak, dulurna kudu ngawin randana, supaya lamun boga anak, anakna diakukeun ka nu geus maot.

²⁰Di dieu kantos aya tujuh jalmi padudulur. Nu cikal gaduh bojo tuluy maot tacan gaduh anak.

²¹Randana ditikah ku nu kadua, nanging nu kadua ge maot tacan gaduh anak. Diteraskeun ku nu katilu.

²²Kitu sareng kitu bae dugi ka nu katujuh, sadayana maraot sareng teu nurunkeun anak. Tungtungna awewena oge maot.

²³Sualna, dina waktos nu maraot harirup deui dina poe kiamat, eta awewe teh bojo anu mana? Margi parantos kapibojo ku tujuhanana."

²⁴Waler Yesus, "Aranjeun kacida kaliruna! Terang, naon sababna nu matak salah? Sababna, lantaran aranjeun teu terang kana Kitab Suci atawa kana kakawasaan Allah.

²⁵Sanggeus anu paraeh harirup deui, kaayaanana bakal saperti malaikat jeung moal karawin.

²⁶Perkara harirupna deui anu maraot, naha aranjeun tacan maraca Kitab Musa tina hal rungkun cucuk anu hurung? Dina eta kitab ditulis yen Allah nimbalan kieu ka Musa, Kami teh Allahna Ibrahim, Allahna Ishak, jeung Allahna Yakub.

²⁷ Allah teh Allahna anu harirup, lain Allahna anu maraot. Pikiran aranjeun sasar!"

²⁸ Aya hiji guru agama milu ngadengekeun eta sual jawab. Ceuk anggapanana waleran Yesus ka urang Saduki teh keuna pisan. Pok manehna nanya kieu, "Dipi parentah anu pangutamana, anu mana?"

²⁹ Waler Yesus, "Ieu anu pangutamana: Darengekeun, eh Israil! Pangeran Allah urang teh Pangeran anu tunggal.

³⁰ Masing nyaah ka Pangeran Allah maraneh, terus jeung hate, terus jeung nyawa, terus jeung budi akal, sarta sing sakuat-kuat.

³¹ Parentah pangutamana anu kadua: Kudu nyaah ka batur kawas ka diri sorangan. Taya deui parentah anu pangutamana salian ti ieu dua parentah."

³² Ceuk eta guru agama ka Anjeunna, "Sae pisan Pa Guru! Leres saur Pa Guru, Allah teh ngan Pangeran. Allah teh ngan Mantenna, teu aya deui.

³³ Leres, nyaah ka Allah teh kedah terus sareng hate, terus sareng budi akal, sarta sing sakuat-kuat. Jabi ti kitu kedah nyaah ka batur sapertos ka diri sorangan. Ngajalankeun ieu dua parentah langkung utami ti batan nyanggakeun kurban ka Allah, boh kurban sato boh kurban naon bae."

³⁴ Jawabanana ku Yesus dianggap kacida bijaksanana, nu matak saur-Na ka manehna, "Anjeun teu jauh ti Karajaan Allah." Ti

semet harita teu aya deui anu wani nyual ka Anjeunna.

³⁵ Waktu Yesus ngawulang di Bait Allah, Anjeunna nyual kieu, "Ku naon guru-guru agama bisa nyebutkeun Kristus Jurusalamet teh turunan Daud?

³⁶ Padahal Daud kalawan ilham ti Roh Suci nyebutkeun kieu: Pangeran ngadawuh ka Gusti kaula: Calik di dieu, katuhueun Kami, nepi ka sakabeh musuh Hidep taraluk nyaruuh ka Hidep.

³⁷ Daud sorangan nyebut ka Anjeunna teh Gusti; jadi mana bisa Kristus teh putrana?" Jalma rea kacida raresepeunana ngabarandungan kasauran Yesus teh.

³⁸ Ku Anjeunna tuluy dipaparin pepeling, saur-Na, "Sing waspada ka guru-guru agama. Karesepna nguriling di pasar-pasar make jubah ngangsar, malar pada ngabageakeun jeung pada ngahormat.

³⁹ Di imah-imah ibadah jeung dina pestapesta, marilihna tempat anu pangutamana.

⁴⁰ Randa-randa ku maranehna dipacikeuh, imahna dirampas, tuluy ngadaroa panjang naker nyimbutan kajahatanana. Hukuman maranehna engke kacida beuratna!"

⁴¹ Waktu Yesus calik deukeut peti derma di Bait Allah, Anjeunna ningalikeun anu ngarasupkeun duit kana eta peti. Loba anu baleunghar marerena teh galedé.

⁴²Tuluy aya hiji randa miskin ngasupkeun dua uang tambaga, duit receh anu pangajina panghandapna.

⁴³Yesus nyaur murid-murid-Na tuluy sasauran, "Randa anu bieu dermana panggedena ti batur.

⁴⁴Sabab nu sejen mah dermana lantaran duitna leuwih, ari randa nu bieu mah sanajan kacida miskinna, merena teh sakabeh kabogana, pikeun kaperluan hirupna teh diasupkeun kabeh kana ieu peti."

13¹ Waktu Yesus ngantunkeun Bait Allah, salah saurang murid-Na unjukan, "Tingali Pa Guru, ieu adegan-adegan sakieu agrengna, batu-batuna oge sarae pisan!"

²Waler-Na, "Geus katenjo sakumaha galedena adeganana? Engke mah batu-batuna ge moal aya hiji-hiji acan anu angger dina tempatna ayeuna, kabeh bakal dialung-alungkeun."

³Yesus angkat ka Gunung Jetun, terus calik di tempat anu nyanghareup ka Bait Allah. Petrus, Yakobus, Yohanes, jeung Andreas, opatan bae, nyalampeurkeun.

⁴"Mugi ditetelakeun anu tadi disaurkeun teh iraha bade pijadieunana, sareng upami parantos waktosna naon cicirennna?" maranehna nanya.

⁵Waler-Na, "Maraneh sing iyatna ulah beunang kaperdaya.

⁶Sabab engke bakal loba anu datang make ngaran Kami, nyebut maneh, Kami teh Anjeunna tea! tuluy ngabobodo jalma rea.

⁷Maraneh, di nu deukeut-deukeut bakal ngadenge gederna anu keur tarung, ti nu jarauh bakal ngadenge seja-beja perang. Tapi teu kudu hariwang. Sanajan geus pasti engke teh kitu, tapi eta mah lain kiamat.

⁸Nagara-nagara silih perangan, karajaan-karajaan silih tarajang. Lini jeung bala kalaparan di mana-mana. Eta kajadian-kajadian kabeh kakara mimiti, ibarat mimiti nyalingitna kanyeri nu rek ngajuru.

⁹Maraneh pribadi kudu taki-taki. Maraneh bakal ditangkep, bakal disered ka pangadilan, bakal disiksa di imah-imah ibadah, bakal dijagragkeun ka hareupeun nu karawasa jeung raja-raja dumeh jadi panganut Kami. Tapi eta teh kasempetan pikeun nyiarkeun Injil Kasalametan ka maranehna.

¹⁰Sabab memeh datang poe panungtung, eta wawaran amanat Allah teh kudu disiarkeun heula ka sagala bangsa.

¹¹Lamun maraneh ditangkep jeung dibawa ka pangadilan, ulah bingung kudu ngomong naon. Maraneh baris dibere piomongeun dina waktuna, sarta anu kudu diucapkeun. Sabab ucapan-ucapan anu baris dikedalkeun ku maraneh lain omongan maraneh sorangan, tapi omongan anu asal ti Roh Suci.

¹²Dulur bakal nyerenkeun dulur sina dipaehan, bapa ka anak nya kitu keneh. Anak bakal ngalawan ka kolot, nyerenkeun kolotna sina dipaehan.

¹³Maraneh bakal dipikageuleuh ku unggal jelema dumeh anut ka Kami. Tapi nu tabah nepi ka ahir tan wande disalametkeun."

¹⁴"Maraneh bakal nenjo Si Pikasieuneun ngabedega di tempat anu saenyana lain eukeurna." (Para maos! Mangga manahan naon eta teh pihartieunana!) "Harita, nu araya di Yudea kudu lalumpat ka pagunungan.

¹⁵Nu keur aya di luhur imah ulah nyokot nanaon heula ka jero imah.

¹⁶Nu keur aya di tegal ulah balik heula nyokot jubah.

¹⁷Pikeun awewe-awewe anu harita keur kakandungan jeung anu keur nyarusuan orok, poe-poe eta teh kacida matak paurna!

¹⁸Kudu neneda ka Allah, supaya kajadianana ulah ninggang dina usum ngijih!

¹⁹Sabab kasangsaraan anu bakal karandapan dina mangsa eta teh leuwih ti jaman ka tukang-tukang ti barang Allah ngajadikeun alam dunya nepi ka jaman ayeuna, tur engkena moal aya deui kasangsaraan anu kawas kitu.

²⁰Sukur eta mangsa teh ku Allah bakal disinggetkeun waktuna. Sabab lamun henteu, saurang ge moal aya anu rahayu. Allah

nyinggetkeun eta mangsa teh lantaran ngaraskeun ka umat pilihana-Na.

²¹ Lamun harita aya anu nyebut, Tah ieu Kristus! atawa, Tuh itu Kristus! ulah percaya.

²² Sabab bakal timbul Kristus palsu jeung nabi-nabi palsu. Maranehna bakal nyarieun kaajaiban jeung kaahengan pikeun nипу, lamun bisa mah ka umat pilihan Allah oge.

²³ Maraneh ku Kami geus dibejaan ti ayeuna, supaya iyatna."

²⁴ "Sanggeus mangsa sangsara tea liwat, panonpoe bakal poek, bulan moal cahayaan,

²⁵ bentang-bentang ragragan ti langit, kakuatan-kakuatan langit malengpar tina jalanna.

²⁶ Geus kitu sumping Putra Manusia dina mega, kacida kawasa-Na jeung agung-Na.

²⁷ Anjeunna bakal miwarang para malaikat ka opat madhab bumi ngumpulkeun umat pilihan Allah ti sakuliah jagat ti tungtung nepi ka tungtung."

²⁸ "Tenjo tangkal kondang, aya papatahna. Lamun regang-regangna geus ngahejoan, ngaleuleusan jeung sarirungan, eta tandana geus tereh usum panas.

²⁹ Nya kitu, lamun hal-hal anu bieu disebut geus kajadian, eta tandana yen geus tereh panungtungan, geus mimiti ahir jaman.

³⁰ Inget, eta sakabeh perkara bakal kajadian samemeh jelema-jelema anu harirup ayeuna paraeh kabeh.

³¹ Langit jeung bumi bakal musna, tapi pangandika Kami mah moal musna."

³² "Tapi iraha poena, iraha jamna, jelema taya nu nyaho, para malaikat henteu, Putra Manusa ge henteu. Ngan Rama anu uninga.

³³ Ku sabab maraneh teu nyaho piwaktueunana, sing waspada, sing peryatna.

³⁴ Piwaktueunana teh ibarat kieu: Aya hiji jelema indit nyaba, lunta ti imahna. Memeh indit metakeun heula bujang-bujangna kana pagaweanana masing-masing, kitu deui tukang jaga panto diparentah supaya ulah kendat-kendat ngajaga.

³⁵ Maraneh moal nyaho iraha pibalikeunana eta dunungan, boa pabuburit, boa tengah peuting, boa subuh, boa isuk-isuk, anu matak kudu tetep caringcing.

³⁶ Lamun eta juragan ujug-ujug datang, maraneh ulah kasampak keur harees.

³⁷ Ku sabab kitu Kami ngingetan ka maraneh teh keur sarerea: Sing caringcing!"

14¹ Pidua poeeun deui kana Pesta Paska jeung Pesta Roti Teu Diragian, imam-imam kapala jeung guru-guru agama nareangan akal rek nangkep Yesus, tapi hayang rikip.

² "Nangkepna ulah dina keur pesta," ceuk maranehna, "bisi rahayat rusuh."

³ Yesus keur aya di Betania, di imah Simon anu baretona katerap ku kasakit lepra. Sabot

keur tuang, datang hiji awewe mawa goci dieusi minyak seungit anu kacida mahalna, anu dijieguna tina akar wangi. Seug gocina ku manehna dipeupeuskeun, minyakna dikucurkeun kana mastaka Yesus.

⁴Ti antara jelema-jelema nu araya di dinya aya anu arambekeun jeung ngaromong pada batur, "Naon gawena eta minyak seungit dipiceunan kitu?

⁵Mun dijual bisa payu leuwih ti tilu ratus uang perak, duitna serenkeun ka pakir miskin!" Geus kitu maranehna nyararekan ka eta awewe kasar pisan.

⁶Tapi saur Yesus, "Ulah diopenan ieu awewe teh! Ku naon dicarekan? Manehna keur nembongkeun kalemesan jeung kamulyaan budina ka Kami.

⁷Nu mariskin mah salawasna ge aya bae jeung maraneh, mun maraneh hayang nulung iraha-iraha ge bisa. Ari Kami mah aya di maraneh teh moal salawasna.

⁸Ieu awewe geus sateka-teka upaya hayang ngaminyakan Kami ku minyak seungit, makelatkeun Kami waktu pamakaman Kami engke.

⁹Sing percaya ka ieu ucapan Kami: Di mana bae Injil diwawardeun di sakuliah dunya, kahadean ieu awewe ka Kami geus tangtu bakal dicaritakeun pikeun pangeling-eling ka manehna."

¹⁰Geus kitu Yudas Iskariot, salah saurang ti dua welas murid, datang ka imam-imam kapala, maksudna rek nyerenkeun Yesus.

¹¹Maranehna kacida aratoheunana ngadarenge kasanggupanana, sarta jangji rek mere duit ka manehna. Ti harita Yudas ngintip-ngintip kasempetan rek nyerenkeun Yesus.

¹²Dina poe kahiji Pesta Roti Teu Diragian, nya eta poean meuncit anak domba keur dahareun dina poe Paska, murid-murid arunjukan ka Yesus, "Bapa tuang jamuan Paska teh palay di mana disayagikeunana?"

¹³Anjeunna miwarang dua murid, saur-Na, "Maraneh kudu ka kota. Di ditu bakal papanggih jeung jelema mawa kendi eusi cai. Tuturkeun

¹⁴nepi ka asupna ka jero imah, tuluy tanyakeun ka nu boga eta imah kieu, Saur Pa Guru, mana kamar jang Kami dahar Paska jeung murid-murid?

¹⁵Engke maraneh dituduhan hiji kamar anu lega di loteng geus beunang ngatur lengkep jeung parabot daharna. Pek atur dahareunana."

¹⁶Bral nu dipiwarang teh arindit ka kota. Di dinya sagala hal anu disaurkeun ku Yesus tea bukti. Prak maranehna ngatur tuangeun keur jamuan Paska.

¹⁷Peutingna Yesus sumping ka dinya jeung murid-murid.

¹⁸ Sabot tuang dina meja jeung murid-murid, Yesus nyarios kieu, "Kami ngabejaan, aya saurang ti maraneh anu ayeuna keur dahar jeung Kami, bakal ngahianat ka Kami."

¹⁹ Murid-murid tингrarenjag, seug naranyakeun silihgenti pokna, "Nanging tangtos sanes abdi anu dimaksad ku Bapa teh?"

²⁰ Waler-Na, "Hiji ti nu dua welas, nya eta anu engke bantrok leungeun jeung Kami nyelupkeun roti kana mangkok.

²¹ Putra Manusa memang geus pastina kudu dipaehan, luyu jeung eusi Kitab Suci. Tapi kacida bakal cilakana eta jelema anu ngahianat ka Putra Manusa teh! Leuwih hade lamun eta jelema henteu kungsi lahir ka dunya!"

²² Tengah-tengah tuang Yesus nyandak roti hiji. Sanggeus muji sukur, rotina ku Anjeunna disemplekan tuluy diasongkeun ka murid-murid. "Ieu tampanan, dahar," saur-Na, "ieu teh daging awak Kami."

²³ Ti dinya Anjeunna nyandak lumur anggur. Sanggeus muji sukur, lumur diasongkeun ka murid-murid, tuluy diarinum.

²⁴ "Ieu teh getih Kami," saur Yesus, "anu dikucurkeun pikeun jalma rea. Ieu getih Kami teh neguhkeun perjangjian Allah."

²⁵ Kami ngabejaan, ti semet ieu Kami moal nginum deui anggur ieu, nepi ka waktu engke nginum anggur anu anyar di Karajaan Allah."

²⁶ Sanggeus kitu aranjeunna nganyanyikeun hiji lagu pupujian. Ti dinya terus kaluar, ngajugjug angkat ka Gunung Jetun.

²⁷ Yesus nyarios ka murid-murid, "Peuting ieu keneh maraneh bakal kalabur ti Kami. Sabab ceuk Kitab Suci, Eta pangangon teh bakal tiwas ku Allah, baris dipaehan, dombana disina paburisat.

²⁸ Tapi sanggeus Kami dihirupkeun deui, Kami rek miheulaan maraneh ka Galilea."

²⁹ Ceuk Petrus ka Anjeunna, "Sanaos nu sanes naringgalkeun ka Bapa, abdi mah moal!"

³⁰ Waler Yesus ka Petrus, "Kami ngingetan, peuting ieu memeh hayam kongkorongok dua kali, geus tilu kali maneh bakal nyebut teu wawuh ka Kami."

³¹ Petrus beuki ngabantah, "Moal! Abdi mah moal nyebat kitu sanaos kedah paeh bareng sareng Bapa oge!" Nu sejen oge ngaromongna teh kitu.

³² Sanggeus narepi ka hiji tempat ngaran Getsemane, Yesus sasauran kieu, "Maraneh dariuk di dieu sabot Kami neneda di ditu."

³³ Anjeunna terus angkatna, nyandak Petrus, Yakobus, jeung Yohanes. Manah-Na nalangsa jeung ngaraos ketir,

³⁴ tuluy ngalahir ka maranehna, "Hate Kami nalangsa taya papadana, nepi ka asa remuk. Daragoan di dieu, jeung sing terus nyaring."

³⁵ Anjeunna terus maju. Sanggeus rada jauh, bruk meubeutkeun anjeun kana taneuh terus neneda, mundut supaya lamun meunang mah eta waktu kasangsaraan teh ulah datang ka nyorang ka Anjeunna.

³⁶ "Ama!" saur-Na, "Ama! Kangge Ama mah teu aya anu mustahil. Candak ieu lumur kasangsaraan teh ti Abdi. Nanging ulah numutkeun kahoyong Abdi, kedah kumaha pangersa Ama bae."

³⁷ Geus kitu Anjeunna ngalongok heula ka murid nu tiluan. Kasampak keur sarare. Saurna ka Petrus, "Simon, sare maneh teh? Na teu kuat nyaring barang sajam?"

³⁸ Saur-Na deui ka tiluanana, "Kudu terus nyaring, neneda menta ulah keuna ku panggoda. Maraneh ari jiwa mah sumanget tapi badan lahir hengker."

³⁹ Geus kitu Anjeunna angkat neneda deui, eusina saperti tadi.

⁴⁰ Ti dinya ngalongok deui nu tiluan, kasampak sarare keneh, panonna teu bisa dibawa beunta, boro-boro ngajarawab dipariksa oge.

⁴¹ Sanggeus ngalongok katilu kalina, Anjeunna ngalahir, "Rek tonggoy bae sarare jeung ngareureuh teh? Geus cukup! Tenjo, geus waktuna Putra Manusa teh diserenkeun kana kakawasaan manusa nu daroraka.

⁴² Geura harudang, urang indit. Tenjo, anu rek ngahianat ka Kami teh geus datang!"

⁴³ Sabot Anjeunna sasauran keneh, Yudas, murid ti nu dua welas tea geus datang jeung jelema loba pisan, marawa pedang jeung gegendir, titahan imam-imam kapala, guru-guru agama, jeung para kokolot.

⁴⁴ Eta jelema hianat teh ti memehna geus mere isarat ka nu rea: "Anu engke ku kaula dicium, tah eta! Tangkep terus giring, jaga sing kuat."

⁴⁵ Datang-datang Yudas muru ka Yesus. "Pa Guru!" carekna bari terus nyium.

⁴⁶ Yesus terus ditangkep, dicarekelan pageuh pisan.

⁴⁷ Tapi ti nu narangtung di dinya aya anu nyabut pedang, dikadekkeun ka bujangna Imam Agung, beunang ceulina nepi ka rampung.

⁴⁸ Yesus ngalahir ka nu narangkep, saur-Na, "Maraneh marawa pedang jeung gegendir nangkep Kami, na Kami teh penjahat?

⁴⁹ Unggal poe Kami aya jeung maraneh, ngawuruk di Bait Allah, ku maraneh teu ditangkep. Tapi memang geus kieu mistina, sangkan laksana nu ditulis dina Kitab Suci."

⁵⁰ Ari murid-murid tuluy kalabur ti Anjeunna.

⁵¹ Aya hiji jajaka anu nuturkeun ka Anjeunna, ngan make harudum bodas salembar. Eta jajaka rek ditangkep,

⁵² tapi tuluy kabur ditaranjang, harudumna diporosotkeun.

⁵³ Yesus dibawa ka bumi Imam Agung. Di dinya geus karumpul imam-imam kapala, para kokolot, jeung guru-guru agama.

⁵⁴ Petrus nuturkeun ti kajauhan nepi ka milu asup ka buruan bumi Imam Agung, tuluy diuk jeung tukang-tukang jaga milu siduru.

⁵⁵ Imam-imam kapala jeung sakumna Mahkamah sakedah polah neangan bukti-bukti anu bisa dipake ngaragragkeun hukum pati ka Anjeunna, tapi sarupa ge teu manggih.

⁵⁶ Loba nu marere bukti palsu mah, tapi keterangan nu itu jeung keterangan nu ieu teu aya anu saluyu.

⁵⁷ Maju deui anu sejen-sejen mere bukti-bukti palsu perkara Yesus, kieu bohongna,

⁵⁸ "Ieu jelema kungsi kadenge nyebut kieu: Ieu Bait Allah beunang nyieun jelema ku Kami rek diruag. Sanggeus tilu poe Kami rek ngadegkeun anu sejen anu lain buatan manusa."

⁵⁹ Tapi keterangan maranehna ge itu jeung ieu taya nu saluyu.

⁶⁰ Geus kitu Imam Agung ngadeg hareupeun sarerea tuluy mariksa ka Yesus, "Kumaha eta panuding-panuding teh ku Maneh moal dijawab?"

⁶¹ Yesus teu ngawaler sakecap-kecap acan. Imam Agung mariksa deui, "Enya Maneh teh Kristus, Jurusalamet, Putra Allah Mahasuci?"

⁶² Yesus ngawaler, "Leres! Sarta ku aranjeun bakal kataringali Putra Manusa calik di tengeneun Allah Nu Maha Kawasa, tuluy sumping ti langit di jero mega!"

⁶³ Imam Agung nyosoeh anggoanana sarta ngalahir, "Teu perlu deui urang make saksi!"

⁶⁴ Geus kadarangu sorangan kumaha ngahina-Na ka Allah! Kumaha putusan aranjeun?" Maranehna kabeh mutuskeun yen Yesus salah sarta manjing dihukum pati.

⁶⁵ Jelema-jelema mimiti aya anu nyariduhan ka Yesus. Maranehna meungpeunan soca Yesus terus neunggeul bari ngaromong kieu, "Coba teguh, saha anu neunggeul ka Maneh?" Pangawal-pangawal oge milu nampiling ka Anjeunna.

⁶⁶ Sabot Petrus aya keneh di buruan, aya hiji awewe babuna Imam Agung ngaliwat ka dinya.

⁶⁷ Barang nenjoeun ka Petrus anu keur siduru, pok ngomong, "Maneh ge lain sok babarengan jeung Yesus urang Nasaret?"

⁶⁸ Petrus mungkir. "Ah, duka! Ngomong teh teu puguh, teu kaharti!" tembalna bari ngaleos ka lawang buruan. [Hayam kadenge kongkorongok.]

⁶⁹ Eta babu nenjo deui ka Petrus tuluy ngomong ka nu araya di dinya, "Ieu jelema teh baturna Yesus!"

⁷⁰ Petrus ngangles deui. Teu lila nu lian-lianna oge naruding ka Petrus, pokna, "Maneh

moal bisa mungkir, maneh salah saurang batur-Na, da maneh oge ti Galilea!"

⁷¹ Tembal Petrus, "Wani sumpah, kuring ngomong saenyana! Masing dihukum kuring ku Allah lamun henteu saenyana. Enyaan teu wawuh ka jelema anu disebut ku aranjeun teh!"

⁷² Sapada harita keneh hayam kongkorongok deui kadua kalina. Ras Petrus ingeteun kana lahiran Yesus, "Memeh hayam kongkorongok dua kali, geus tilu kali maneh bakal nyebut teu wawuh ka Kami." Segruk bae Petrus ceurik.

15¹ Isuk-isuk keneh pisan imam-imam kapala gura-giru ngayakeun tepungan jeung para kokolot, guru-guru agama, jeung sakumna anggota Mahkamah, badami. Geus kitu Yesus dirante, tuluy dibawa, diserenkeun ka Pilatus.

² Anjeunna ku Pilatus dipariksa, "Anjeun teh raja urang Yahudi?" Waler Yesus, "Leres pangandika."

³ Imam-imam kapala ngadakwakeun Yesus, panudingna loba pisan.

⁴ Pilatus mariksa deui ka Anjeunna, "Kumaha, moal dibantah? Rea pisan dakwaanana ka Anjeun!"

⁵ Tapi Yesus teu ngawaler sakecap-kecap acan. Pilatus kacida heraneunana.

⁶Pilatus kagungan kabiasaan, saban-saban Pesta Paska sok ngaleupaskeun sakitan saurang anu dipenta ku rahayat.

⁷Harita di antara anu dipanjara lantaran barontak jeung maraehan waktu nyieun karusuhan, aya sakitan ngaranna Barabas.

⁸Sanggeus jalma-jalma kumpul sarta menta supaya Pilatus ngaleupaskeun hiji sakitan sakumaha kabiasaanana,

⁹Pilatus mariksa, "Maraneh teh rek menta raja urang Yahudi tea dileupaskeun?"

¹⁰Anjeunna uninga pisan yen anu darengki jeung nyerenkeun Yesus ka anjeunna teh imam-imam kapala.

¹¹Tapi jelema-jelema teh ku imam-imam kapala diangsonan sina marenta supaya Pilatus ngaleupaskeun Barabas.

¹²Pilatus ngalahir deui ka rahayat, "Ari ieu, anu ku maraneh disebut raja urang Yahudi, kumaha?"

¹³"Salibkeun!" ceuk rahayat tingjarerit.

¹⁴"Tapi naon kajahatana-Na?" Pilatus mariksa. "Salibkeun!" tembalna beuki bedas.

¹⁵Ku sabab Pilatus hayang nyenangkeun hate jalma rea, tuluy ngaleupaskeun Barabas. Ari Yesus sanggeus dirangket tuluy diserenkeun ka maranehna sina disalib.

¹⁶Yesus ku serdadu-serdadu dibawa ka buruan karaton guvernur. Maranehna nyalukan babaturan sapasukanana sina ka darinya.

¹⁷ Yesus dianggoanan jubah wungu, mastaka-Na diterapan mamakutaan tina cucuk.

¹⁸ "Daulat Raja urang Yahudi!" ceuk maranehna pura-pura ngahormat,

¹⁹ terus ngababuk kana mastaka-Na ku iteuk bari tuluy nyariduhan, seug pura-pura sarujud ka Anjeunna.

²⁰ Sanggeus dihina-hina, jubah wunguna dibuka, diganti deui ku jubah-Na ku anjeun, tuluy digiring rek disalibkeun.

²¹ Di tengah jalan serdadu-serdadu teh maksa hiji jelema sina manggul salib Yesus. Eta jelema kakara datang ti desa rek ka kota. (Ngaranna Simon, urang Kirena, bapana Aleksander jeung Rupus.)

²² Yesus dibawa ka hiji tempat anu ngaranna Golgota, hartina "Tempat Tangkorek".

²³ Di dinya Anjeunna disina ngaleueut anggur anu dicampur emur, tapi teu kersaeun.

²⁴ Tuluy Anjeunna disalibkeun, ari anggoana-Na dibagikeun ku lotre pikeun nangtukeun bagian masing-masing.

²⁵ Mimiti disalibkeuna-Na pukul salapan isuk-isuk.

²⁶ Dina iuhur salib-Na dipasang tulisan anu unina dipake ngadakwa ka Anjeunna: "Raja urang Yahudi".

²⁷ Kajaba ti Anjeunna anu dihukum salib teh penjahat duaan, hiji di tengeneun, hiji di kiwaeuna-Na.

²⁸ [Tinekanan anu ditulis dina Kitab Suci:
"Anjeunna disaruakeun jeung penjahat."]

²⁹ Jelema-jelema anu laliwat ka dinya
garogodeg tuluy ngahina ka Anjeunna,
"Wah, anu rek ngaruag Bait Allah jeung rek
ngadegkeunana deui di jero tilu poe!"

³⁰ Coba turun tina salib nyalametkeun
maneh!"

³¹ Imam-imam kapala jeung guru-guru
agama oge maroyok ka Anjeunna, pokna ka
pada batur, "Ka batur sok nyalametkeun, ari
nyalametkeun diri-Na sorangan teu bisa.

³² Hayang nenjo turunna tina salib eta anu
ngaku Kristus jeung raja Israil teh, hayang
percaya kana omongana-Na!" Dua penjahat
anu bareng disalib jeung Anjeunna oge milu
ngahina kawas kitu.

³³ Waktu geus tengah poe, sakuliah nagri
eta ngadak-ngadak jadi poek, tilu jam lilana.

³⁴ Dina pukul tilu Yesus ngajerit tarik, "Eloi,
Eloi, lama sabah tan?" hartina, "Nun Allah sim
kuring, Allah sim kuring, ku naon nu mawi
ngantunkeun?"

³⁵ Anu ngadarenge Anjeunna kitu ngajeritna
sawareh aya nu ngaromong kieu, "Manehna
sasambat ka Elias!"

³⁶ Aya saurang terus lumpat nyelupkeun
sepon kana anggur haseum, tuluy ditiir
disodorkeun kana lambey Yesus bari
ngomong, "Keun urang dagoan, urang tenjo
Elias lungsur nurunkeun Manehna tina salib!"

³⁷ Yesus ngajerit deui tarik, les bae pupus.

³⁸ Bareng jeung pupus-Na, reregan Bait Allah bedah dua ti luhur ka handap.

³⁹ Kapala pasukan serdadu anu nangtungna hareupeun tihang salib nenjo Yesus kitu pupusna, pok bae ngucap, "Ieu jelema saestuna Putra Allah!"

⁴⁰ Rada anggang ti dinya aya wanita-wanita keur narenjokeun, di antarana Maria Magdalena, Maria indungna Yakobus nu ngora jeung Yoses, jeung Salome.

⁴¹ Waktu Yesus keur di Galilea, maranehna sok ngingiring ka Anjeunna jeung ngalalayanan. Wanita-wanita anu milu daratang jeung Yesus ka Yerusalem oge loba anu araya di dinya.

⁴² (15: 42-43) Wanci geus sareupna, Yusup urang Arimatea anggota Mahkamah Agama anu kapandang jeung ngarep-ngarep ngadegna Karajaan Allah, sumping ka dinya. Poe eta teh poe Panyadiaan (sapoe memeh poe Sabat). Ku sabab eta kalawan teteg manah Yusup ngadeuheus ka Pilatus mundut layon Yesus.

⁴³ (15: 42)

⁴⁴ Meunang keterangan Yesus geus pupus teh Pilatus kacida heraneunana, seug nyaur kapala pasukan mariksakeun enya henteuna Yesus geus lila pupusna.

⁴⁵ Sanggeus uninga ti eta kapala pasukan, Pilatus ngidinan Yusup nyandak layon.

⁴⁶ Geus kitu Yusup ngagaleuh lawon lenen lemes. Layon diturunkeun, rap dibungkus ku eta lawon, terus diasupkeun ka jero liang pajaratan anu ditebok tina gunung batu. Geus kitu Yusup ngagulingkeun hiji batu gede dipake nutup lawang pajaratan.

⁴⁷ Maria Magdalena jeung Maria indungna Yoses araya nyaksian diasupkeunana layon Yesus ka jero pajaratan.

16 ¹Sanggeus poe Sabat tutup, Maria Magdalena, Maria indungna Yakobus, jeung Salome, mareuli boreh seungit pikeun ngaboborehan layon Yesus.

²Arinditna ka makam poe Minggu isuk-isuk pisan barang meletek panonpoe.

³(16: 3-4) "Saha engke anu manggulingkeun batu tutup pajaratan?" ceuk maranehna bari leumpang. Batuna teh kacida gedena. Tapi batu tutup makam teh kasampak geus aya nu ngagulingkeun,

⁴(16: 3)

⁵tuluy bae arasup. Barang geus araya di jero, maranehna mani tinggarebeg, nenjo di beulah katuhu aya nu keur calik ngora-ngora, jubahna bodas.

⁶Pok nu keur calik teh ngalahir, "Tong sarieun! Nyai tangtu rek ngalayad Yesus urang Nasaret anu dihukum salib tea. Anjeunna geus teu di dieu, geus digugahkeun! Tuh, kari urut ebog-Na!

⁷ Geura pupulihkeun bae ayeuna mah ka murid-murid-Na, ka Petrus oge. Bejakeun, Anjeunna geus angkat ti heula ka Galilea sakumaha saur-Na tea, engke tangtu kapanggih ku aranjeun di ditu!"

⁸ Maranehna kaluar rurusuhan ti jero pajaratam tuluy lalumpatan. Maranehna teu ngomong naon-naon ka saha-saha oge lantaran sarieuneun.

⁹ [Eta wanita-wanita tuluy nepungan Petrus jeung batur-baturna, sarta kalawan ringkes nyaritakeun anu dipesenkeun ka maranehna tea. Sanggeus eta mah Yesus ku Anjeun ku jalan murid-murid-Na ngawawarkeun eta amanat suci tur abadi, ti masrik nepi ka magrib, ngeunaan kasalametan anu langgeng.] [Sanggeus Yesus gugah tina pupus, poe Minggu isuk-isuk, pangheulana nembongan teh ka Maria Magdalena. (Yesus kungsi ngaluuarkeun tujuh roh jahat ti manehna.)]

¹⁰ Ku manehna dibejakeun ka mitra-mitra Yesus anu keur prihatin jeung careurik.

¹¹ Dibejaan yen Yesus geus hirup deui teh tur jeung Maria mah malah geus papanggih, maranehna teu palercayaean.

¹² Geus kitu ku cara sejen Yesus nembongan ka dua jelema ti antara panganut-Na, nu keur di satengahing jalan rek ka hiji kampung.

¹³ Eta anu duaan baralik deui ka kota bebeja ka nu sejen, tapi teu dipercaya.

¹⁴ Panganggeusanana Yesus nembongan ka sawelas murid-Na waktu maranehna keur dalahar. Maranehna ku Anjeunna diweweleh lantaran teu baroga iman, jeung keukeuh teu percaya ka jelema-jelema nu geus narenjo sorangan Anjeunna hirup deui.

¹⁵ Geus kitu saur-Na, "Datangan ku maraneh sakuliah dunya, siarkeun Injil Kasalametan ka sakabeh manusa.

¹⁶ Salamet anu percaya kana eta wawaran sarta dibaptis. Sabalikna cilaka anu arembung percaya.

¹⁷ Nu palercaya bakal dibere kakawasaan nyieun kaajaiban-kaajaiban; bakal barisa ngusir roh-roh jahat ku nyambat jenengan Kami; bakal barisa ngomong dina basa-basa sejen;

¹⁸ lamun nyekel oray matih atawa nginum racun maranehna moal naon-naon; lamun nyabak ka nu gering, nu geringna tangtu cageur."

¹⁹ Tutup Gusti Yesus ngalahir-Na ka maranehna, Anjeunna terus diangkat ka sawarga, terus linggih di tengeneun Allah.

²⁰ Murid-murid-Na tuluy ariang nyiarkeun Injil Kasalametan ka suklakna ka siklukna, tur Gusti oge ngiring barangdamel nyarengan maranehna, ngayakeun kaajaiban-kaajaiban geusan ngabuktikeun yen hal anu disiarkeun ku maranehna teh sayaktina.]

Lukas

- 1** ¹ Teopilus anu mulya, Seueur jalmi anu parantos sateka-teka nyeratkeun perkawis anu parantos kajadian di urang.
- ² Hal-hal anu diserat ku maranehna cocog sareng carios anu katampi ku urang ti jalmi-jalmi anu ngawawarkeunana, nya eta anu nyaraksian sorangan eta kajadian ti awalna.
- ³ Sim kuring, ku margi parantos nyukcruk kalayan taliti eta perkawis ti awit kajadianana, gaduh emutan aya saena nyeratkeun eta hal kalayan beres jujutanana, kangge Paduka.
- ⁴ Maksad sim kuring nya eta supados hal Ieresna sagala perkawis anu parantos diwulangkeun ka Paduka teh ku Paduka kauninga sadayana.
- ⁵ Keur mangsa Herodes ngarajaan di Yudea, aya hiji imam ti golongan imam-imam Abia, jenenganana Jakaria. Istrina oge turunan imam, jenenganana Elisabet.
- ⁶ Istri pameget mulus lampahna di payuneun Allah, kacida taatna kana hukum jeung parentah Pangeran.
- ⁷ Teu karagunganeun putra lantaran Elisabet gabug, jeung deui duanana geus kacida sarepuhna.

⁸Dina hiji poe Jakaria barangdamel mangku kawajiban imam di Bait Allah, giliranana laladen poean.

⁹Numutkeun undian anu biasa dijalankeun ku para imam, anjeunna anu kapilih kudu ngukus dina altar. Anjeunna lebet ka Bait Allah.

¹⁰Sabot anjeunna ngukus meuleum menyan, jalma rea ngadaroa di luar.

¹¹Breh malaikat Pangeran nembongan ka anjeunna, ngadeg di katuhueun altar paragi ngukus.

¹²Jakaria ngarenjag jeung kacida sieuneunana.

¹³Tapi malaikat teh ngalahir, "Ulah sieun, Jakaria! Paneda anjeun ku Allah enggeus didangu. Elisabet bojo anjeun bakal boga anak, lalaki, pingaraneunana Yohanes.

¹⁴Pisakumahaeun anjeun bagjana upama eta geus lahir, nu sejen oge loba anu bakal bungah!

¹⁵Eta teh bakal jadi jelema penting di payuneun Allah. Ulah sina nginum anggur atawa inuman keras lianna. Ti barang dijurukeunana bakal dilinggihan ku Roh Suci,

¹⁶jeung bakal nungtun urang Israil baralik deui ka Pangeran Allahna.

¹⁷Manehna ku Pangeran diutus ti heula, bakal kuat jeung kawasa cara Nabi Elias; bakal ngaraphikeun kaom bapa jeung anak-anakna; bakal nungtun tukang ngaralawan

baralik deui kana pikiran anu bener. Jadi eta teh bakal nyadiakeun keur Pangeran hiji umat anu daraek ngabdi ka Mantenna."

¹⁸ Piunjuk Jakaria ka malaikat, "Perkawis eta kumaha bade buktosna? Abdi parantos kolot, pun bojo nya kitu keneh."

¹⁹ Waler malaikat, "Kaula teh Jabrail, purah aya di payuneun Allah anu ngutus kaula ayeuna ka anjeun, nepikeun ieu warta anu pikabungaheun.

²⁰ Ieu hal tangtu bukti dina waktuna, tapi ku anjeun teu dipercaya. Ku sabab anjeun henteu percaya, anjeun bakal pireu, moal bisa ngomong nepi ka mangsa anu diomongkeun ku kaula kajadian."

²¹ Jalma-jalma anu keur ngadaragoan Jakaria hareraneun dumeh anjeunna sakitu lilana di jero.

²² Ari kaluar, Jakaria bet teu iasaeun sasauran. Ku jalma rea kajudi yen anjeunna di jero mendak titingalian. Ku sabab teu iasa sasauran pisan, anjeunna tuluy pepeta ku panangan.

²³ Sanggeus tutup giliran anjeunna laladen di Bait Allah, Jakaria mulih ka bumina.

²⁴ Teu lila ti harita Elisabet geureuhana ngandeg, terus ngerem anjeun nepi ka lima bulan,

²⁵ sarta misaur kieu, "Ahirna Pangeran kersa mitulung, ngaleungitkeun kahinaan diri kuring."

²⁶ Sanggeus Elisabet ngandegna nincak genep bulan, Allah ngutus malaikat Jabrail ka Nasaret, hiji kota di Galilea,

²⁷ nyandak amanat ka hiji parawan anu eukeur babakalan jeung Yusup turunan Raja Daud. Eta parawan ngaranna Mariam.

²⁸ Jabrail sumping ka Mariam tuluy ngalahir, "Salam rahayu! Pangeran nyarengan ka Nyai sarta pohara ngaberkahana-Na."

²⁹ Mariam ngarenjag nguping kasauran eta malaikat, jeung henteu ngartoseun naon maksudna.

³⁰ Malaikat ngalahir deui, "Ulah sieun, Mariam! Nyai kenging kurnia ti Allah.

³¹ Nyai bakal ngandeg, bakal puputra anu ku Nyai kudu dijenenganan Yesus.

³² Eta putra Nyai bakal agung, jeung bakal disarebut Putra Allah Nu Maha Agung. Ku Allah Pangeran bakal didamel raja sakumaha Daud karuhun-Na,

³³ bakal ngarajaan ka turunan Yakub salalawasna, sarta karajaana-Na moal aya anggeusna."

³⁴ Piunjuk Mariam ka eta malaikat, "Eta perkawis teh kumaha pitiasaeunana, margi abdi teh parawan keneh?"

³⁵ Malaikat ngawaler, "Nyai bakal disumpingan ku Roh Suci, bakal diliputan ku kakawasaan Allah. Ku sabab kitu eta putra anu bakal medal teh suci, bakal disebut Putra Allah.

³⁶ Sangkan Nyai terang, Elisabet baraya Nyai anu kacaturkeun gabug tur geus sakitu kolotna, ayeuna keur ngandeg geus kagenep bulan ieu.

³⁷ Sabab mungguh di Allah mah henteu aya anu mustahil."

³⁸ Piunjuk Mariam, "Abdi teh abdi Pangeran, mugia laksana sakumaha pilahir Juragan." Ti dinya malaikat teh jengkar ngantunkeun Mariam.

³⁹ Ti dinya Mariam geuwat angkat ka hiji kota pagunungan di Yudea,

⁴⁰ ngajugjug ka bumi Jakarta. Sasumpingna tuluy uluk salam ka Elisabet.

⁴¹ Barang Elisabet ngadangu salamna Mariam, bayi di jero kandunganana ngulisik. Elisabet dilebetan ku Roh Suci,

⁴² terus nyaur tarik, "Nya Nyai anu pangdiberkahanana ti sadaya istri. Mugia wilujeng putra nu baris medal ti Nyai.

⁴³ Karah naon ieu Ibu dugi ka kenging nugraha disumpingan ku Ibuna Gusti sembaheun Ibu?

⁴⁴ Barang Nyai uluk salam, jabang bayi di jero kandungan Ibu dugi ka ajrug-ajrugaran atoheun.

⁴⁵ Nyai estu bagja parantos kersa percaya yen perkawis anu diandikakeun ku Pangeran teh tangtos buktos!"

⁴⁶ Saur Mariam, "Hate abdi muji ka Pangeran,

⁴⁷ jiwa estu bingah, ku karana Allah

Jurusalamet abdi,

⁴⁸ reh Mantenna parantos mikaemut ka abdi,
abdi-Na nu laip. Ti semet ayeuna, jalma rea
ka abdi bakal nyarebat bagja,

⁴⁹ reh abdi nampi perkawis anu marulya
ti Allah Nu Maha Kawasa. Suci jenengan
Mantenna.

⁵⁰ Sugri nu mikaajrih ka Mantenna,
turun-tumurun ku Mantenna dipikawelas.

⁵¹ Mantenna metakeun panangana-Na anu
santosa, ngubrak-ngabrik anu aradigung
katut sagala paniatanana.

⁵² Raja-raja anu garagah perkosa, ku
Mantenna dirurud tina tahtana, jalmi laip
dijungjung harkatna.

⁵³ Kaom lapar dicekapan ku sagala kasaean,
nu baleunghar sina indit ngagilincing.

⁵⁴ Mantenna sumping, nulungan Israil
abdi-Na, sakumaha jangji-Na ka karuhun
urang.

⁵⁵ Emuteun yen seja mikawelas ka Ibrahim,
sareng ka sugri turunanana, salalanggengna!"

⁵⁶ Sanggeus nganjrekna di Elisabet kurang
leuwih tilu bulan, Mariam tuluy mulih.

⁵⁷ Sanggeus Elisabet bobotna jejeg bulanna
tuluy babar, putrana pameget.

⁵⁸ Tatangga-tatanggana jeung wargi-wargina
anu nyarahoeun yen anjeunna mendak
ganjaran anu taya papadana ti Pangeran,
kabeh daratang ngawilujengkeun.

⁵⁹ Sanggeus yuswa eta murangkalih jejeg saminggu, maranehna daratang deui arek nyepitan murangkalih, sakalian dipaparin jenengan Jakaria, cara ramana.

⁶⁰ Tapi saur ibuna, "Ulah eta ngaranna! Kudu Yohanes."

⁶¹ Tapi ceuk maranehna, "Jenengan kitu mah teu aya di wargi-wargi Ibu!"

⁶² Ti dinya maranehna pepeta ka Jakaria, maksudna naranyakeun murangkalih teh kudu dijenenganan saha.

⁶³ Jakaria mundut dipangnyandakkeun batu tulis, geus kitu nyerat kieu, "Ngaranna Yohanes." Jalma-jalma teh kacida hareraneunana!

⁶⁴ Ari Jakaria harita keneh dadak sakala iasa deui sasauran, tuluy ngamulyakeun ka Allah.

⁶⁵ Jalma-jalma jadi sarieuneun. Saterusna beja eta kajadian teh nyebar ka sakuliah kota pagunungan Yudea.

⁶⁶ Saban anu ngadenge eta beja, hatena tingtaranya, "Rek jadi naon eta murangkalih teh?" Kawantu eta murangkalih teh diaping ku kakawasaan Pangeran.

⁶⁷ Jakaria, ramana Yohanes, dilebetan ku Roh Suci, tuluy ngawejang ngucapkeun amanat ti Allah:

⁶⁸ "Sagala puji ka Pangeran, Allah Israil! Mantenna sumping seja nulungan umat-Na, ngabebaskeun maranehna.

⁶⁹ Urang dipaparin Jurusalamet perkosa, turunan Daud abdi-Na.

⁷⁰ Baheula Mantenna jangji, dikedalkeunana ku nabi-nabi pilihana-Na,

⁷¹ bakal nyalametkeun urang ti musuh-musuh, tina genggeman anu gareuleuheun ka urang.

⁷² Dawuhana-Na, Mantenna baris mikawelas ka karuhun urang, sarta baris ngalaksanakeun jangji-Na nu suci.

⁷³ (1: 73-74) Ka Ibrahim rama urang Mantenna sumpah, jangji ngaleupaskeun urang ti musuh-musuh, sarta ngidinan urang ngabdi ka Mantenna kalawan taya karisi.

⁷⁴ (1: 73)

⁷⁵ Sangkan urang di payuneuna-Na mulus jeung bener saumur-umur.

⁷⁶ Ari hidep anak ing, bakal disarebut nabi Allah Nu Maha Agung. Hidep ku Mantenna diutus ti heula, keur naratas jalan Mantenna.

⁷⁷ Pikeun ngembaran jalma-jalma yen bakal disalametkeun, ku jalan dihampura dosa-dosana.

⁷⁸ Allah urang sipat welas sipat kurnia, bakal nyorotkeun cahaya pisalameteun sina meletek luhureun urang,

⁷⁹ sina sumorot ti sawarga, nyaangan ka sakur anu araya dina poekna kalangkang maot, baris nungtun lengkah urang ka jalan nu aman santosa."

⁸⁰ Murangkalih tea beuki ageung, jiwana beuki teguh. Anjeunna mukim di gurun keusik, ngantos mangsana nganyatakeun anjeun ka urang Israil.

2 ¹Dina mangsa eta, Prabu Agustus ngaluarkeun parentah sangkan di sakuliah karajaan Rum diayakeun sensus.

²Ieu teh sensus anu kahiji, diayakeunana waktu Kirinus jadi gubernur nagri Siria.

³Ti dinya unggal jelema marulang heula ka tempat asalna masing-masing rek ngadaptarkeun.

⁴Yusup oge angkat ti Nasaret di Galilea ka Betlehem di Yudea, tempat dibabarkeunana Raja Daud, sabab anjeunna teh turunan Daud.

⁵Angkatna jeung Mariam pigeureuhaeunana anu keur bobot, seja ngadaptarkeun.

⁶Sanggeus aya di Betlehem, Mariam teh nepi kana waktuna rek babar,

⁷seug bae babar, nyikalan. Putrana pameget, tuluy dibedong ku lalamakan, sarta diebogkeun dina pamakanan, wadah parab domba. Nu matak nepi ka kitu lantaran di losmen teu kabagian tempat.

⁸Di hiji tegalan di eta wewengkon, harita aya anu keur ngajaraga domba ingon-ingonna, ti peuting.

⁹Aya hiji malaikat Pangeran nembongan ka maranehna, sarta maranehna kahibaran

ku cahaya kamulyaan Pangeran, kacida sarieuneunana.

¹⁰Tapi malaikat teh ngalahir kieu, "Ulah sarieun! Kami mawa warta hade, pikabungaheun sakabeh jelema.

¹¹Sabab poe ieu Jurusalamet maraneh, nya eta Gusti Kristus, geus medal di kota Daud.

¹²Cirina ka maraneh kieu: Murangkalih teh dibedongna ku lalamakan, diebogkeunana dina pamakanan."

¹³Dak-dumadak breh tempong balad sawarga, malaikat kacida lobana, nyaranyi muji ka Allah:

¹⁴"Mulyakeun Allah di langit nu pangluhurna. Di bumi sing aya kerta, keur sakur manusa anu kamanah ku Allah!"

¹⁵Sanggeus para malaikat teu araya, geus marulih deui ka sawarga, nu ngajaraga ingon-ingon teh baradami, "Hayu urang ka Betlehem, urang ngabuktikeun perkara anu diandikakeun ku Pangeran."

¹⁶Bral arindit gagancangan. Mariam jeung Yusup kapanggih, jeung murangkalihna anu diebogkeun dina pamakanan.

¹⁷Sanggeus narempo ka murangkalih, maranehna nyaritakeun kasauran malaikat hal eta murangkalih tea ka Yusup jeung Mariam.

¹⁸Caritaanana matak heran ka sakur nu ngadengekeun.

¹⁹Eta kabeh ku Mariam disimpen dina manahna bari dileyepan.

²⁰Ari tukang ngangon baralik deui ka tegalan bari nyaranyi muji ka Allah, barungah lantaran anu disaurkeun ku malaikat teh cocog, ku maranehna geus kasaksian, geus kadarenge.

²¹Saminggu ti harita, murangkalih teh disepitan terus dipaparin jenengan Yesus, sakumaha anu diamanatkeun ku malaikat waktu Anjeunna keur dikandung keneh.

²²Datang waktuna Yusup jeung Mariam ngajalankeun upacara susuci sakumaha anu diwajibkeun ku Hukum Musa. Tuluy arangkat ka Yerusalem, murangkalih dicandak seja disanggakeun ka Pangeran,

²³nedunan aturan anu kaungel dina Hukum Pangeran, yen: "Unggal anak cikal lalaki kudu disanggakeun ka Pangeran."

²⁴Arangkatna bari seja nyanggakeun kurban sakumaha anu kaungel dina Hukum Pangeran, nya eta japat sapasang atawa tikukur dua siki.

²⁵Harita di Yerusalem aya hiji sepuh, jenenganana Simeon, jalma hade anu sieun ku Allah, anu keur ngarep-ngarep kana mangsana Allah nyalametkeun bangsa Israil. Anjeunna disareangan ku Roh Allah,

²⁶anu geus nguningakeun yen anjeunna moal waka pupus samemeh ningali Kristus anu dijangjikeun ku Pangeran tea.

²⁷ Kalawan panuyun Roh Allah, Simeon angkat ka Bait Allah. Barang murangkalih Yesus teh ku sepuhna dicandak ka jero Bait Allah seja disanggakeun sakumaha pamenta Hukum Agama,

²⁸ murangkalih teh ku Simeon tuluy dipangkon. Simeon terus muji sukur ka Allah, saurna,

²⁹ "Nun Pangeran, ayeuna jangji Gusti parantos buktos. Mangga ayeuna mah nyawa abdi candak, abdi Gusti senang ati.

³⁰ Reh parantos ningal pribadi Jurusalamet ti Gusti.

³¹ Nya Jurusalamet anu ku Gusti digadangkeun keur sakumna manusa:

³² Lir cahaya anu bakal ngebrehkeun pangersa Gusti ka bangsa-bangsa lian. Sareng nu bakal ngangkat harkat Israil umat Gusti."

³³ Kasauran Simeon hal eta murangkalih matak heran ibu rama-Na.

³⁴ Aranjeunna ku Simeon diberkahan, sarta saur Simeon ka Mariam ibu-Na, "Ieu murangkalih ku Allah geus dipilih pikeun jadi lantaran ruksakna urang Israil, tapi oge bakal ngalantarankeun loba urang Israil anu saralamet. Anjeunna bakal jadi hiji tanda ti Pangeran, anu bakal dilawan ku jalma rea,

³⁵ sarta ku lantaran eta rasiah pipikiran maranehna bakal kabuka. Hate Nyai bakal

parat ku kanalangsaan lir katembus ku pedang."

³⁶ (2: 36-37) Di dinya aya hiji nabi istri, randa geus kacida sepuhna, yuswana geus dalapan puluh opat taun. Jenenganana Hana binti Penuel ti kaom Aser. Kagunganana caroge ngan tujuh taun. Tara incah ti Bait Allah, damelna beurang peuting ngabakti ka Allah, puasa jeung neneda.

³⁷ (2: 36)

³⁸ Dina waktu eta keneh anjeunna ge aya sumping, tuluy muji sukur ka Allah, jeung nyaurkeun eta murangkalih ka sakur anu keur ngarep-ngarep datang wancina Allah ngamerdekaeun Yerusalem.

³⁹ Sanggeus rengse nedunan sagala hal anu diwajibkeun ku Hukum Pangeran, Yusup jeung Mariam marulih ka Nasaret di Galilea.

⁴⁰ Murangkalih teh beuki ageung, salira-Na beuki kuat, pohara bijaksana-Na sarta diberkahan ku Allah.

⁴¹ Uggal-uggal taun sepuh Yesus sok arangkat ka Yerusalem, ngiring kana Pesta Paska.

⁴² Sanggeus Yesus yuswa dua belas taun Anjeunna dicandak ngiring; tuluy arangkat kana pesta sakumaha biasana.

⁴³ Sanggeus pesta lekasan, ibu rama-Na marulih, ari Yesus kakantun di Yerusalem teu kauninga.

⁴⁴ Disangka Anjeunna geus ti heula jeung rombongan. Sanggeus arangkatna meunang sapoe kakara katiten yen teu aya, tuluy ditalengteng ka wargi-wargi jeung rerencanganana.

⁴⁵ Geus tetela teu aya tuluy aranjeunna maralik deui ka Yerusalem seja milarian di ditu.

⁴⁶ Nincak ka tilu poena Anjeunna kapendak di Bait Allah, keur calik jeung guru-guru urang Yahudi, ngadangukeun kasauran aranjeunna bari turas-taros.

⁴⁷ Ari ngawaler kana pamariksa, ngawaler-Na kacida pinterna matak heran nu ngadarenge.

⁴⁸ Sepuh-Na barang breh ka Anjeunna teh mani ngajenghok. Pok ibu-Na nyaur, "Ku naon kitu, anaking? Ama jeung Ibu mani bingung neangan Hidep!"

⁴⁹ Anjeunna ngawaler, "Naha nganggo dipilarian Abdi teh? Naha Ama sareng Ibu teu acan aruninga yen Abdi kedah aya di dieu, di bumi Jeng Rama?"

⁵⁰ Walerana-Na ku ibu rama-Na teu kahartoseun.

⁵¹ Yesus tuluy ngiring mulih jeung aranjeunna ka Nasaret, tetep-tumetep ngesto. Ari ku ibu-Na sagala rupa hal-Na teh disimpen sajeroning manah.

⁵² Yesus beuki ageung, beuki lantip bijaksana, dipikaresep ku Allah jeung ku pada jalma.

3¹ Dina taun kalima welas pamarentahan Prabu Tiberius, Pontius Pilatus jadi gubernur di Yudea, Herodes marentah di Galilea, Pilipus saderek Herodes marentah di Iturea jeung Trakonitis; Lisanias marentah di Abilene,

2 Anas jeung Kayapas jaradi Imam Agung. Nya dina taun eta Allah ngandika ka Yohanes putra Jakaria anu keur mukim di gurun keusik.

3 Bral Yohanes angkat ka sakuliah wewengkon Walungan Yordan, tuluy ngawuruk, saurna, "Geura tarobat sarta kudu dibaptis, sangkan dihampura dosa ku Allah."

4 Hal ieu geus dituliskeun dina Kitab Nabi Yesaya, ungelna: "Aya anu cumeluk di gurun keusik: Sadiakeun jalan keur Pangeran, jieun jalan anu lempeng pikeun Mantenna!"

5 Lebak-lebak urugan, pasir-pasir, gunung-gunung datarkeun. Anu pungkal-pengkol jieun lempeng, anu tarengtong ratakeun.

6 Sakumna manusa bakal narenjo Allah nyalametkeun manusa!"

7 Jalma-jalma merul daratang ka Yohanes marenta dibaptis. Ari saur Yohanes ka maranehna, "Maraneh, oray-oray! Ceuk saha maraneh bisa piluputeun tina siksa Allah nu pasti bakal narajang?"

8 Tembongkeun dina tingkah laku, lampah anu nyirikeun yen maraneh geus tarobat tina dosa. Jeung ulah nyebut-nyebut yen maraneh

teh turunan Ibrahim. Kaula ngabejaan, Allah iasaeun ngadamel turunan Ibrahim tina ieu batu-batu!

⁹Kampak geus tarapti pikeun nuar tangkal tina akarna; unggal tangkal anu goreng buahanana bakal dituar, alungkeuneun kana seuneu."

¹⁰"Kedah kumaha atuh kuring sadaya teh?" jelema-jelema naranya ka anjeunna.

¹¹Walerna, "Anu boga baju dua bikeun hiji ka nu teu boga, anu boga dahareun kudu mere ka nu teu boga."

¹²"Pa guru, dupi kuring kedah kumaha?" tukang-tukang mulung pajeg, anu daratang rek marenta dibaptis.

¹³Walerna, "Ulah narik pajeg leuwih tina jumlah anu geus ditangtukeun."

¹⁴Aya serdadu sababaraha urang, naranya kieu, "Dupi kuring, kedah kumaha?" Walerna, "Ulah papaksa ka duit batur, atawa nuding mitenah ngarah duitna. Kudu ngarasa cukup ku duit gajih."

¹⁵Jalma-jalma mimiti baroga harepan, sarta hatena mimiti malikir palangsiang anjeunna teh Kristus tea.

¹⁶Nu matak saur Yohanes deui, "Ari kami mah ngabaptis ka maraneh teh ku cai. Tapi engke aya anu leuwih agung ti batan kami, mangudarkeun tali tarumpah-Na ge kami ngarasa teu layak. Anjeunna mah engke ngabaptisna teh ku Roh Suci jeung seuneu.

¹⁷ Panangana-Na nyepeng nyiru, bakal napikeun kenging-Na ngirik sangkan beresih, tariguna dilebetkeun ka jero leuit kagungana-Na, huutna diduruk di jero seuneu anu moal pareum-pareum."

¹⁸ Rupa-rupa carana Yohanes ngawurukkeun Injil Kasalametan ka jalma rea, sarta meupeujeuhan sangkan maranehna babalik pikir.

¹⁹ Ari ka Raja Herodes mah anjeunna nyeukseukan, lantaran Herodes migarwa Herodias garwa saderekna, jeung midamel kajahatan-kajahatan lianna.

²⁰ Tapi Herodes malah nyucudkeun kajahatanana, Yohanes ku anjeunna dipanjara.

²¹ Sanggeus jalma rea kabeh dibaptis, Yesus oge dibaptis. Waktu Anjeunna keur sembahyang, bray langit muka,

²² tuluy lungsur Roh Suci ka Anjeunna dina wujud manuk jpati. Geus kitu aya gentra kieu ti sawarga, "Hidep teh putra kaasih Ama. Hidep matak suka kana hate Ama."

²³ Yesus ngawitan barangdamel, ari yuswa-Na kira-kira geus tilu puluh taun. Ceuk jalma rea Anjeunna teh putra Yusup. Ari Yusup putra Eli,

²⁴ Eli putra Matat, Matat putra Lewi, Lewi putra Malki, Malki putra Yanai, Yanai putra Yusup,

²⁵ Yusup putra Matatias, Matatias putra Amos, Amos putra Nahum, Nahum putra Esli, Esli putra Nagai,

²⁶ Nagai putra Maat, Maat putra Matatias, Matatias putra Simei, Simei putra Yosek, Yosek putra Yoda,

²⁷ Yoda putra Yohanan, Yohanan putra Resa, Resa putra Serubabel, Serubabel putra Sealtiel, Sealtiel putra Neri,

²⁸ Neri putra Malki, Malki putra Adi, Adi putra Kosam, Kosam putra Elmadam, Elmadam putra Er,

²⁹ Er putra Yosua, Yosua putra Elieser, Elieser putra Yorim, Yorim putra Matat, Matat putra Lewi,

³⁰ Lewi putra Simeon, Simeon putra Yuda, Yuda putra Yusup, Yusup putra Yonam, Yonam putra Elyakim,

³¹ Elyakim putra Melea, Melea putra Mena, Mena putra Matata, Matata putra Natan, Natan putra Daud,

³² Daud putra Isai, Isai putra Obed, Obed putra Boas, Boas putra Salmon, Salmon putra Nahson,

³³ Nahson putra Aminadab, Aminadab putra Admin, Admin putra Arni, Arni putra Hesron, Hesron putra Peres, Peres putra Yuda.

³⁴ Yuda putra Yakub, Yakub putra Ishak, Ishak putra Ibrahim, Ibrahim putra Terah, Terah putra Nahor,

³⁵ Nahor putra Serug, Serug putra Rehu, Rehu putra Peleg, Peleg putra Eber, Eber putra Selah,

³⁶ Selah putra Kainan, Kainan putra Arpaksad, Arpaksad putra Sem, Sem putra Enoh, Enoh putra Lamek,

³⁷ Lamek putra Metusalah, Metusalah putra Hanok, Hanok putra Yared, Yared putra Mahalalel, Mahalalel putra Kenan,

³⁸ Kenan putra Enos, Enos putra Set, Set putra Adam, Adam putra Allah.

4 ¹ Waktu Yesus jengkar ti Walungan Yordan, Anjeunna dikawasaan ku Roh Suci, dicandak ka gurun keusik.

² Di gurun keusik digoda ku Iblis lilana opat puluh poe, sapanjang kitu henteu barangtuang naon-naon. Sanggeus waktu eta tutup Anjeunna ngaraos lapar.

³ Ceuk Iblis ka Anjeunna, "Lamun Anjeun Putra Allah, eta batu piwarang jadi roti."

⁴ Tapi waler Yesus, "Ceuk Kitab Suci, Manusa moal bisa hirup ku roti wungkul."

⁵ Yesus ku Iblis dibawa ka tempat luhur, sakolepat ditembongan sakabeh karajaan di alam dunya.

⁶ "Eta sagala kakawasaan jeung kabeungharan ku kaula rek diserenkeun ka Anjeun," ceuk Iblis ka Yesus. "Sabab kabeh geus dipasrahkeun ka kaula, jadi kaula kawasa mikeun ka saha bae cocogna hate.

⁷ Eta kabeh baris kapimilik ku Anjeun, asal Anjeun nyembah ka kaula."

⁸ Waler Yesus, "Ceuk Kitab Suci, Maneh kudu nyembah ka Pangeran Allah maneh sarta kudu ngabakti ngan ka Mantenna!"

⁹ Ti dinya Yesus ku Iblis dibawa ka Yerusalem, ka puncak Bait Allah nu pangluhurna. Ceuk Iblis ka Anjeunna, "Lamun Anjeun Putra Allah, coba geura ngaragragkeun anjeun ti dieu ka handap.

¹⁰ Sabab ceuk Kitab Suci, Allah bakal miwarang para malaikat-Na nangtayungan Anjeun.

¹¹ Jeung, Para malaikat bakal nyangga salira Anjeun, nepi ka Anjeun moal tigasruk sampean-sampean acan kana batu."

¹² Tapi waler Yesus, "Ceuk Kitab Suci, Maneh ulah ngadoja ka Pangeran Allah maneh."

¹³ Anggeus Iblis ngagoda Yesus ku rupa-rupa reka perdaya, terus indit ninggalkeun Anjeunna, saheulaanan henteu ngaganggu deui.

¹⁴ Sanggeus kitu Yesus mulih deui ka Galilea sarta disarengan ku kakawasaan Roh Suci. Warta perkara Anjeunna nyebar ka sakuliah wewengkon eta.

¹⁵ Anjeunna mimiti barangdamel, ngawulang di imah-imah ibadah, sarta unggal jelema pada muji ka Anjeunna.

¹⁶ Yesus angkat ka Nasaret tempat Anjeunna diageungkeun. Dina poe Sabat angkat ka

imah ibadah sakumaha kabiasaana-Na.
Anjeunna ngadeg seja ngaos Kitab Suci,

¹⁷ seug disodoran Kitab Nabi Yesaya.
Gulunganana ku Anjeunna dibuka terus diaos
ayat anu ungelna kieu,

¹⁸ "Roh Pangeran ngauban Kami. Sabab
Kami ku Mantenna ditangtukeun kudu mawa
warta pikabungaheun ka nu mariskin. Kami
ku Mantenna diutus kudu ngabewarakeun
yen: para tawanan bakal dibebaskeun, nu
lalolong bakal dibareuntakeun. Nu dikaniaya
baris dileupaskeun.

¹⁹ Jeung ngawawarkeun, yen geus waktuna
Pangeran ngajait umat-Na."

²⁰ Kitab digulungkeun, dipasihkeun deui
ka pangantu, geus kitu Anjeunna calik,
dipalencrong ku sakur anu hadir.

²¹ Pok Anjeunna ngalahir, "Ayat-ayat Kitab
Suci anu bieu, poe ieu geus laksana waktu ku
aranjeun kareungeu dibacakeun."

²² Jalma-jalma mani harookkeun, katarik
ku kacapetangan Anjeunna ngagunakeun
kecap-kecap. Ceuk maranehna, "Eta teh lain
anak Yusup tea?"

²³ Yesus ngalahir, "Meureun aranjeun hayang
ngeunakeun paribasa anu kieu ka Kaula,
Tabib, cageurkeun diri sorangan. Jeung tangtu
ceuk aranjeun, Cik anu ku Anjeun dipigawe
di Kapernaum teh, anu aya bejana ka dieu,
ayeuna jieun di dieu di lembur sorangan!"

²⁴ Saur-Na deui, "Kaula ngabejaan, nabi teh di lemburna mah teu dihargaan.

²⁵ Geura ieu reungeukeun: Jaman Nabi Elias, hujan henteu turun-turun nepi ka tilu taun satengah, sakuliah tanah Israil paceklik, jalma-jalma kalaparan. Harita di Israil loba pisan randa.

²⁶ Tapi saurang ge ku Elias teu aya nu disumpingan, Elias henteu diutus ka maranehna. Anu disumpingan teh malah hiji randa anu aya di Sarpat daerah Sidon.

²⁷ Jeung keur jaman Nabi Elisa, di tanah Israil loba anu katerap ku kasakit lepra. Tapi saurang ge ku anjeunna taya anu dicageurkeun. Anu dicageurkeun teh malah Naaman, urang Siria."

²⁸ Barang jalma-jalma di eta imah ibadah ngadarenge kitu kacida arambankeunana.

²⁹ Maranehna carengkat, tuluy ngenyang Yesus ditarik ka luar kota, dibawa ka pasir padumukan kota maranehna, arek diragragkeun kana jurang.

³⁰ Tapi Anjeunna norobos tuluy angkat ti dinya.

³¹ Yesus angkatna ka Kapernaum, hiji kota di Galilea. Dina poe Sabat Anjeunna ngawulang di imah ibadah.

³² Piwulang-Na narik ati, sasaur-saur-Na ngandung wibawa.

³³ Di dinya aya hiji jelema anu karanjingan ku roh jahat. Eta jelema teh ngagorowok pokna,

³⁴ "Eh Yesus urang Nasaret! Aya maksud naon Anjeun ka urang? Arek nyilakakeun? Urang nyaho, Anjeun teh utusan suci Allah!"

³⁵ Yesus marentah ka eta roh jahat saur-Na, "Repeh maneh, jeung geura kaluar ti eta jelema!" Seug eta jelema teh ku eta roh jahat dijongklokkeun ka hareupeun jalma rea, tapi henteu dikikieu deui, roh jahatna tuluy ingkah.

³⁶ Jalma-jalma barengong, ngomong pada batur pokna, "Euleuh eta ucapanan-Na! Parentah-Na matih gede kawasana. Roh jahat diparentah ingkah teh ingkah!"

³⁷ Ti dinya beja ngeunaan hal Anjeunna nyebar ka sakuliah daerah eta.

³⁸ Ti imah ibadah Yesus angkat ka imah Simon. Harita mitoha awewe Simon keur gering muriang panas, seug diunjukkeun ka Yesus.

³⁹ Yesus lebet tuluy ngadeg gigireun ranjang nu gering, kasakit muriangna ditimbalan ingkah. Harita keneh nu gering teh terus cageur tuluy ngalalayanan tamu-tamu.

⁴⁰ Sanggeus surup panonpoe jul-jol anu marawa nu garering, kasakitna rupa-rupa. Nu garering teh masing-masing ku Anjeunna dicabak awakna tuluy calageur.

⁴¹ Anu kasarurupan ku roh jahat, roh-roh jahatna aringkah bari tinggarero pokna, "Anjeun teh Putra Allah!" Sabab eta roh-roh jahat nyarahoeun yen Anjeunna teh Kristus. Tapi ku Yesus ditimbalan jarempe teu meunang ngaromong deui.

⁴² Isukna waktu meletek srangenge Yesus kaluar ti eta kota, angkat ka hiji tempat anu simpe, seug pada nareangan. Sanggeus kapanggih pada ngeukeuhan supaya ulah ngantunkeun.

⁴³ Tapi saur-Na, "Kota-kota sejen oge kudu diteang, perlu diwuruk hal Injil Kasalametan ngeunaan Karajaan Allah. Kami diutus ku Allah pikeun kaperluan eta."

⁴⁴ Ti dinya Anjeunna ngawulang di imah-imah ibadah di sakuliah daerah eta.

5¹ Dina hiji poe Yesus keur ngadeg di sisi Talaga Genesaret. Jalma-jalma anu rek ngadarengekeun pangandika Allah ngarangseg harayang deukeut ka Anjeunna.

² Keur kitu Anjeunna ningali dua parahu keur ditarik ka sisi talaga, ari tukang-tukang ngala laukna geus tarurun, keur meresihan.

³ Yesus tuluy naek kana hiji parahu, bogana Simon, bari mundut supaya parahuna diwelah rada ka tengah. Gek Anjeunna linggih dina eta parahu seug ngawulang ka jalma rea.

⁴ Rengse ngawulang Anjeunna ngalahir ka Simon, "Ieu parahu katengahkeun deui ka nu

jero, pasang deui jaringna jeung batur, ngala lauk."

⁵Ceuk Simon, "Parantos sawewengi abdi-abdi ngala lauk teh, Juragan! Nanging henteu kekenginan. Ayeuna ku margi Juragan miwarang, mangga jaring bade dipasang."

⁶Prak maranehna nurunkeun jaring. Lauk anu beunang kacida lobana, jaringna mani meh bedah.

⁷Tuluy nyalukan deui babaturanana menta dibantuan. Seug ditarantuan ngangkatan lauk. Parahu duanana meh ngalelep bawaning pinuh ku lauk.

⁸Nenjo kitu, brek bae Simon mendek payuneun Yesus tuluy miunjuk, "Gusti, enggal abdi kantunkeun. Abdi teh jalmi gede dosa!"

⁹Simon jeung nu ngabaturanana mani barengong narenjo lauk beubeunanganana sakitu lobana.

¹⁰Nya kitu deui babutan Simon, anak Sebedeus, nya eta Yakobus jeung Yohanes. Saur Yesus ka Simon, "Ulah sieun; ti semet ayeuna maneh bakal ngala jelema."

¹¹Geus kitu maranehna marilu ka Yesus. Parahuna ditarik ka sisi, tuluy ditarunggalkeun jeung eusi-eusina.

¹²Hiji mangsa Yesus aya di hiji kota. Di dinya aya hiji jelema, awakna ruksak ku lepra. Barang breh nenjo Yesus brek mendek tuluy ngalengis, "Gusti, upami Gusti kersa, Gusti tangtos iasa nyageurkeun kasakit abdi!"

¹³Yesus nyabak kana awakna tuluy ngalahir, "Kami daek, geura cageur!" Harita keneh kasakitna leungit.

¹⁴Eta jalma ku Yesus dilahiran, "Ulah bebeja ka saha-saha, terus bae ka imam menta dipastikeun yen maneh geus cageur. Tuluy haturkeun kurban sakumaha anu diparentahkeun ku Musa."

¹⁵Sanajan kitu ge Yesus beuki kautarakeun bae. Jelema-jelema ngaleut rek ngarupingkeun Anjeunna jeung harayang dicalageurkeun kasakitna.

¹⁶Tapi Anjeunna mah geus angkat ka tempat anu sepi, sembahyang.

¹⁷Dina hiji poe waktu Yesus keur ngawulang, aya sawatara urang Parisi jeung guru-guru agama daratang ti kota-kota, ti Galilea, ti Yudea, jeung ti Yerusalem, marilu dariuk. Yesus kenging Kawasa ti Pangeran pikeun nyageurkeun anu keuna ku kasakit.

¹⁸Aya anu ngagotong jelema lumpuh dina bale-bale, seseleke rek asup ka jero imah ka payuneun Yesus.

¹⁹Tapi teu barisaeun norobos lantaran jelema kacida lobana. Tungtungna nu lumpuh teh dibawa naek ka luhur hateup, hateupna dibuka nyieun liang, nu geringna tuluy diulur jeung bale-balena ka handap, meneran ka tengah-tengah riungan payuneun Yesus.

²⁰Barang Yesus uningaeun yen kapercayaan maranehna sakitu mantepna, seug ngalahir

ka nu lumpuh, "Dosa hidep dihampura, dulur!"

²¹ Guru-guru agama jeung urang Parisi mimiti ngaromong dina hatena, "Saha ieu jelema teh bet ngahina ka Allah? Ngan Allah anu kawasa ngahampura dosa mah!"

²² Yesus uninga kana pikiran maranehna, tuluy ngalahir, "Ku naon pikiran aranjeun kitu?

²³ Babari mana nyebutkeunana: Dosa-dosa hidep dihampura, atawa: Geura nangtung tuluy leumpang?

²⁴ Tapi ayeuna ku Kaula rek dibuktikeun yen Putra Manusa teh di ieu dunya kawasa ngahampura dosa." Ti dinya Anjeunna ngalahir ka nu lumpuh tea, saur-Na, "Geura hudang, bale-balena angkat, jung geura balik!"

²⁵ Sapada harita keneh jung eta jelema nangtung hareupeun sarerea, bale-bale urutna ngedeng dipanggul, tuluy balik bari ngamulyakeun ka Allah.

²⁶ Jalma-jalma barengong! Hatena galimir, breng maruji ka Allah pokna, "Ajaib ieu kajadian anu ku urang kasaksi poe ieu!"

²⁷ Ti dinya Yesus angkat. Di jalan ningali hiji tukang mulung pajeg ngaranna Lewi, keur diuk di kantorna. Ku Yesus didawuhan, "Hayu milu ka Kami!"

²⁸ Lewi cengkat tuluy milu ka Yesus, ninggalkeun sagala rupa.

²⁹ Di imahna, Lewi ngayakeun pesta ngabageakeun Yesus. Semah-semahna kacida lobana, tukang-tukang mulung pajeg jeung salianna.

³⁰ Sawatara urang Parisi jeung guru-guru agama ti golonganana ngaweweleh ka murid-murid Yesus, pokna, "Ku naon maraneh bet daraek dahar bareng jeung tukang-tukang mulung pajeg jeung jelema-jelema anu teu paruguh?"

³¹ Diwalerna ku Yesus, "Anu perlu doktor teh anu garering, nu calageur mah teu perlueun.

³² Kaula datang lain rek ngajak tobat ka anu marulya, tapi ka jelema-jelema anu dianggap hina."

³³ Aya anu naranya ka Yesus, "Murid-murid Yohanes sering puasa sareng sembahyang, nya kitu keneh murid-muridna urang Parisi. Dipi murid-murid Ajengan mah dahar nginum sabiasa."

³⁴ Waler Yesus, "Na bisa aranjeun nitah puasa ka tamu-tamu dina pesta kawin sapanjang ki panganten aya keneh dina riungan? Tangtu moal!"

³⁵ Lamun ki panganten geus dibawa indit tina riungan, kakara maranehna paruasa."

³⁶ Geus kitu Yesus maparin misil kieu ka maranehna, "Moal aya anu nambal baju heubeul ku lawon tina baju anyar, sabab kudu nyoekeun baju anyarna, padahal tambalan tina lawon baju anyar teh moal matak hade

kana bajuna anu geus heubeul, samalah bakal mawa soeh deui anu heubeul.

³⁷ Jeung moal aya anu ngeusikeun anggur peresan anyar kana kantong kulit anu heubeul, sabab tangtu matak bedah eta kantong, anggurna kapiceun, kantongna ruksak.

³⁸ Anggur anyar wadahna ge kudu anyar!

³⁹ Jeung moal aya anu hayang nginum anggur peresan anyar sanggeus nginum anu geus lila, lantaran: Anggur anu geus lila mah leuwih ngeunah, kitu saurna."

6 ¹Dina hiji poe Sabat Yesus angkat, jalanna ngalangkung kebon gandum. Murid-murid-Na maripit gandum sababaraha ranggeuy, digarelang tuluy didalaha.

²Sawatara urang Parisi naranya, pokna, "Ku naon maraneh ngalanggar Hukum Agama urang, migawe anu dilarang dina poe Sabat?"

³Diwaler ku Yesus, "Tacan ngaos kitu carita Daud, kumaha waktu anjeunna jeung pangiringna lapar?

⁴Anjeunna lebet ka Bait Allah nyandak roti pangbakti ka Allah, sarta terus dituang pangiringna. Padahal nurutkeun Hukum Agama mah eta roti teu meunang didahar ku sambarang jelema, ngan imam bae anu meunang ngadahar."

⁵Geus kitu saur-Na deui, "Putra Manusia teh Gustina poe Sabat."

⁶Dina poe Sabat deui Yesus lebet ka imah ibadah, ngawulang. Di dinya aya hiji jelema, leungeun katuhuna kemper.

⁷Sawatara guru agama jeung urang Parisi kacida harayangeunana sangkan Yesus midamel kasalahan, ambeh bisa didakwakeun. Ku sabab kitu maranehna kacida ngarawaskeunana, sugar bae Anjeunna nyageurkeun dina poe Sabat.

⁸Tapi Yesus uninga kana palikiranana, tuluy ngalahir ka nu kemper tea, "Ka dieu, nangtung di hareup!" Eta jelema nangtung tuluy nyampeurkeun.

⁹Yesus mariksa ka maranehna, "Kaula rek nanya: Pagawean naon anu diidinan ku Hukum Agama urang dina poe Sabat? Nulungan atawa nyilakakeun? Ngarahayukeun nyawa jelema atawa ngabinasa?"

¹⁰Jalma-jalma ku Anjeunna diteuteup, soca-Na nguriling. Geus kitu ngalahir ka eta nu kemper, "Angkatkeun eta leungeun, lempengkeun!" Manehna nurut, sarta leungeunna tuluy cageur.

¹¹Guru-guru agama jeung urang Parisi kacida arambekeunana, tuluy baradami kudu dikumahakeun Yesus teh.

¹²Ari Yesus terus angkat ka hiji pasir seja sembahyang. Sapeupeuting Anjeunna di eta pasir neneda ka Allah.

¹³Sanggeus bray beurang, murid-murid-Na disalaur, tuluy dipilih dua welas urang. Eta

anu dua welas ku Anjeunna disebut rasul, nya eta:

¹⁴ Simon (ku Anjeunna dilandi Petrus) jeung Andreas dulurna, Yakobus jeung Yohanes, Pilipus jeung Bartolomeus,

¹⁵ Mateus jeung Tomas, Yakobus anak Alpeus, jeung Simon anu disarebut Selotes (anu disebut Patriot),

¹⁶ Yudas anak Yakobus, jeung Yudas Iskariot anu engkena ngahianat.

¹⁷ Yesus lungsur ti pasir jeung rasul-rasul, reg liren tuluy ngadeg di nu datar jeung murid-murid-Na anu loba. Jelema-jelema geus ngagimbung daratang ti sakuliah Yudea, ti Yerusalem, jeung ti kota-kota basisir Tirus jeung Sidon.

¹⁸ Maksudna rek ngarupingkeun Anjeunna jeung harayangeun dicageurkeun kasakitna. Anu kasarurupan roh jahat oge daratang, tuluy dicalageurkeun.

¹⁹ Jalma-jalma tingseleke rek nyarabak ka Anjeunna, sabab tina salira-Na mencar pangawasa anu matak cageur ka anu nyabak.

²⁰ Yesus neuteup ka murid-murid-Na, pok sasauran, "Bagja maraneh anu mariskin, sabab maraneh jadi anggota Karajaan Allah!

²¹ Bagja maraneh anu ayeuna kalaparan, sabab bakal diseubeuhan. Bagja maraneh anu ayeuna ceurik, sabab engke bakal suka seuri!

²² Bagja maraneh lamun ku karana Putra Manusa, maraneh ku jalma-jalma pada mikageuleuh, pada miceun, pada ngahina jeung pada nyebutkeun doraka.

²³ Nabi-nabi oge di jaman baheula ku karuhun maranehna dikitu-kitu. Jadi lamun maraneh ngalaman dikitu-kitu kudu atoh, kudu igel-igelan, sabab gede piganjaraneunana di sawarga.

²⁴ Sabalikna, cilaka anu ayeuna baleunghar, sabab senangna enggeus ayeuna.

²⁵ Cilaka anu ayeuna enggeus sareubeuh, sabab engke tinggal laparna! Cilaka anu ayeuna sareuri, sabab engke tinggal nguyungna jeung ceurikna!

²⁶ Cilaka maraneh lamun jelema-jelema pada maruji ka maraneh, sabab eta anu maruji teh teu beda ti karuhunna anu maruji ka nabi-nabi palsu."

²⁷ "Ka maraneh, anu ayeuna ngadarengekeun piwuruk Kami, Kami meupeujeuhan: Kudu nyaah ka musuh, kudu nyieun kahadean ka nu mikageuleuh.

²⁸ Kudu ngaberkahan ka nu nyumpahan, kudu mangnedakeun ka nu neungteuinganan.

²⁹ Lamun aya jalma nampiling pipi maraneh sabeulah, keun sina nampiling nu sabeulah deui; lamun jubah maraneh aya nu nyokot, bikeun jeung bajuna.

³⁰ Anu barang penta kudu dibere, jeung lamun kaboga maraneh naon bae aya nu nyokot, ulah dipenta deui.

³¹ Pilampah ka batur lampah anu ku maraneh diharep malar batur oge milampah kitu ka maraneh.

³² Sabab ari ngan mikanyaah ka nu nyaacheun deui ka maraneh mah naon jasa maraneh? Jelema dosa ge ari ka nu mikanyaah mah nyaacheun!

³³ Jeung ari nyieun kahadean ngan ka jelema anu nyieun kahadean ka maraneh bae mah, naon jasa maraneh? Jalma dosa ge osok kitu mah!

³⁴ Jeung lamun daek mere nginjeum ngan ka nu pibisaeun mulangkeun bae mah naon jasa maraneh? Jelema dosa ge ari nginjeumkeun ka jelema dosa deui teh bari ngarep-ngarep pulang sajinisna!

³⁵ Ulah kitu! Ka musuh kudu nyaah, kudu daek mere kahadean ka maranehna; ari mere nginjeum ulah bari ngarep-ngarep pulang deui. Lamun barisa kitu, gede piganjaraneun maraneh, tur bakal pijadieun putra-putra Allah Nu Maha Agung. Sabab Mantenna mah ka nu teu boga panarima jeung ka nu jahat oge tetep bae sae manah.

³⁶ Kudu boga sipat welas, sabab Rama maraneh oge sipat welas."

³⁷ "Ulah ngahukuman batur, supaya maraneh ulah dihukuman ku Allah; ulah nyapa ka

batur, supaya maraneh oge ulah disapa ku Allah; kudu daek ngahampura ka batur, supaya maraneh oge dihampura ku Allah.

³⁸ Ka batur sing daek mere, supaya Allah ge kersaeun maparinan maraneh, tur maparin-Na teh sapinuhna takeran, diborolokeun sabisana maraneh nyangga. Ukuran maraneh ka batur, ku Allah bakal dianggo ngukur maraneh."

³⁹ Jeung Yesus maparin ibarat kieu ka maranehna: "Jelema lolong moal bisaeun nungtun anu lolong deui, sabab tangtu duanana bakal tigebrus ka solokan.

⁴⁰ Murid moal ngaleuwihan guruna, tapi lamun diajarna geus tamat bakal sarua jeung guruna.

⁴¹ Ku naon ari tatal dina panon dulur diawas-awas, ari balok dina panon sorangan teu dirasa?

⁴² Na bisa maraneh ngomong kieu ka dulur maraneh, Cik, eta tatal dina panon teh urang pangnyabutkeun ku kuring, ari balok dina panon sorangan teu katenjo? Eh jelema munapek! Piceun heula balok tina panon sorangan, geus kitu kakara bisa awas kana tatal dina panon dulur jeung bisa mangnyabutkeun."

⁴³ "Tangkal anu sehat, buahanana moal goreng, nya kitu deui tangkal anu teu sehat, buahanana moal alus.

⁴⁴Unggal tangkal bisa dikanyahokeunana teh tina buahna. Sabab pasti tangkal cucuk moal buahan kondang, rungkun cucuk moal buahan anggur.

⁴⁵Jelema anu hade ngabijilkeun anu hade, sabab eusi hatena oge hararade; jelema jahat ngabijilkeun anu jahat, sabab eusi hatena oge jarahat. Sabab mudalna omongan tina sungut teh lantaran hate geus leber."

⁴⁶"Naha nyambat ka Kami, Gusti, Gusti, tapi piwuruk Kami teu dilampahkeun?

⁴⁷Anu datang ka Kami terus nurut kana piwuruk Kami, ibaratna ku Kami rek dicaritakeun.

⁴⁸Nya eta ibarat jalma nu nyieun imahna, galianana jero, masang pademenna dina luhur batu. Ana katarajang banjir, imahna henteu inggeung-inggeung acan lantaran pademenna weweg.

⁴⁹Sabalikna anu ngan semet ngadengekeun piwuruk Kami tapi henteu jeung dilampahkeun, nu kitu mah ibarat nu nyieun imah henteu make pademen; ana katarajang banjir brug imahna runtuh, rugrug amburadul!"

7 ¹Sanggeus nyaurkeun sual-sual eta,
Yesus angkat ka Kapernaum.

²Di dinya aya hiji perwira bangsa Rum, boga gandek anu kacida dipikanyaahna. Gandekna teh keur gering geus sahoseun.

³Barang eta perwira ngadenge hal Yesus, tuluy ngutus sawatara kokolot urang Yahudi ngangkir Yesus, menta supaya gandekna dipangnyageurkeun.

⁴Sanggeus daratang ka Yesus, kokolot-kokolot teh kacida nunuhunna supaya Anjeunna kersa nulungan. Pihaturna, "Eta jalmi teh pantes kenging pitulung,

⁵margi nyauheun ka bangsa urang. Malah kantos mangdamelkeun imah ibadah."

⁶Yesus rujuk tuluy angkat sareng. Barang geus rek tepi ka imah anu dijugjug, Anjeunna dipapag ku sobat-sobat eta perwira, anu ngahaja diutus mawa piunjuk kieu, "Juragan teu kedah repot-repot ka rorompok.

⁷Abdi isin kasumpingan, tina rumaos laip. Juragan cekap ngadawuh ti dieu bae, tangtos pun gandek teh cageur.

⁸Abdi teh bawahan perwira anu langkung luhur, mung gaduh serdadu-serdadu bawahan. Upami marentah ka hiji serdadu, Indit! teras eta teh indit; upami marentah ka nu hiji deui, Ka dieu! tangtos eta teh nyampeurkeun. Upami marentah ka gandek, Ieu pigawe! tangtos dipigawe."

⁹Ngadangu kitu teh Yesus heran anu aya. Anjeunna nyoreang ka nu ngariring tuluy sasauran, "Kakara Kami mah manggih anu boga kayakinan nepi ka kieu, di Israil ge tacan manggih!"

¹⁰ Utusan-utusan eta perwira baralik, ari daratang kasampak gandek teh geus cageur.

¹¹ Sanggeus kitu Yesus angkat deui, ngabujeng ka kota Nain diiring ku murid-murid jeung jalma rea.

¹² Barang sumping ka gapura kota, aya aleutan anu rek ngurebkeun. Anu maotna budak lalaki, anak tunggal hiji randa. Loba urang dinya anu ngalanteurkeun maturan manehna.

¹³ Barang Gusti Yesus ningali ka eta randa, kacida welaseuna-Na, tuluy ngalahir ka manehna, saur-Na, "Ulah ceurik."

¹⁴ Anjeunna nyaketan pasaran terus pasaranana dicabak. Anu ngagarotongna ngarandeg. Yesus ngalahir, "Agus, Kami nitah, geura hudang!"

¹⁵ Mayit teh ngulisik, diuk tuluy ngomong. Ku Yesus diserenkeun ka indungna.

¹⁶ Anu nyarakian jadi ngarasa sieun, tuluy maruji ka Allah, pokna, "Nabi agung sumping ka urang! Allah sumping nyalametkeun umat-Na!"

¹⁷ Beja hal Yesus terus kautarakeun ka sakuliah eta kota jeung daerah sakurilingeunana.

¹⁸ Ieu kajadian ku murid-murid Yohanes diunjukkeun ka anjeunna.

¹⁹ Yohanes tuluy nyaur muridna duaan terus diutus ka Gusti Yesus, mawa pihatur kieu, "Naha leres Juragan teh anu bakal sumping

tea sakumaha anu disaurkeun ku Yohanes?
Atanapi abdi-abdi kedah ngantos keneh anu
sanes?"

²⁰ Sanggeus daratang tuluy mihatur ka Yesus, "Abdi dipiwarang ku Yohanes Jurubaptis naroskeun ka Juragan, naha leres Juragan teh anu bakal sumping tea sakumaha pisaurna, atanapi abdi-abdi kedah ngantos keneh nu sanes?"

²¹ Harita Yesus keur nyageur-nyageurkeun anu garering, anu keuna ku kasakit, anu kasurupan roh jahat, kitu deui anu lalolong disina narenjo deui.

²² Anjeunna ngawaler ka eta utusan, saur-Na, "Jig ka Yohanes deui, caritakeun ka anjeunna sakur anu ku maraneh kadenge jeung katenjo di dieu: Nu lolong jadi bisa nenjo, nu lumpuh jadi bisa leumpang, nu lepra jadi setra, nu torek jadi bisa ngadenge, anu paeh dihirupkeun deui, nu mariskin diwawaran Injil Kasalametan.

²³ Bagja jamuga sing saha anu henteu cangcaya ka Kami!"

²⁴ Sanggeus utusan Yohanes marulang, Yesus nyaurkeun Yohanes ka jalma rea, saur-Na, "Basa maraneh daratang ka Yohanes di gurun keusik teh rek naon? Rek narenjo eurih anu tingarulang ku angin?

²⁵ Cik rek naraon? Rek lalajo jelema anu pakeanana ginding? Anu garinding

jeung hirupna mewah mah ayana di
karaton-karaton!

²⁶Jadi rek narenjo naon? Rek narenjo nabi?
Bener, tapi anu katarenjo ku maraneh teh
leuwih ti nabi.

²⁷Sabab Yohanes teh nya anu ku Kitab
Suci disebut kieu tea: Allah ngandika, Kami
rek ngajurung utusan heulaeun Hidep, sina
naratas jalan keur Hidep.

²⁸Sing percaya," saur-Na deui, "di dunya ieu
can aya anu leuwih agung ti batan Yohanes.
Tapi di Karajaan Sawarga mah anu panglaipna
ge leuwih agung ti batan Yohanes."

²⁹Jalma-jalma kabeh ngabarandungan kana
kasauran Yesus, lantaran maranehna teh,
pangpangna tukang-tukang mulung pajeg,
geus narurut kana pamundut Allah supaya
balener, jeung geus daraekeun dibaptis ku
Yohanes.

³⁰Sabalikna urang Parisi jeung guru-guru
agama mah arembungeun narima pituduh
Allah keur pisalameteunana teh, jeung
arembungeun dibaptis ku Yohanes.

³¹Yesus sasauran deui, "Jelema-jelema
jaman kiwari teh ku Kami bisa diupamakeun
kana naon? Kawas naon?

³²Kawas barudak anu keur dariuk di pasar.
Nu sarombongan ngagero ka rombongan
sejenna, pokna, Kami maen musik paranti
kawinan, maraneh teu ngarigel! Kami

mangnyanyikeun lagu kapapatenan, maraneh teu careurik!

³³Yohanes sumping, puasa, tara ngaleueut anggur, ku maraneh dipajärkeun, Jelema kasurupan roh jahat!

³⁴Anak Manusa datang, biasa sok dahar sok nginum, ceuk maraneh, Tenjo ieu jelema! Tukang nyatu, tukang nginum anggur, sobat tukang-tukang mulung pajeg jeung jelema-jelema doraka!

³⁵Tapi sanajan kitu, kawijaksanaan Allah teh katembong ti jalma-jalma anu daraekeun narimana."

³⁶Aya urang Parisi ngangkir tuang ka Yesus. Yesus sumping ka imahna tuluy tuang.

³⁷Di kota eta aya hiji awewe anu hirupna pinuh ku dosa. Barang meunang beja yen Yesus keur tuang di eta imah urang Parisi, seug ka dinya bari mawa minyak seungit sabotol,

³⁸terus nangtung pungkureun Yesus deukeut sampeana-Na. Segruk ceurik, cipanonna nyurucud kana sampean Yesus nepi ka baseuh. Sampeana-Na ku manehna diseka ku buukna nepi ka tuhur, tuluy dicium jeung dikucuran ku minyak seungit.

³⁹Nenjo kitu eta urang Parisi teh ngomong dina hatena, "Mun enya ieu jelema teh nabi tangtu nyahoeun, awewe kumaha eta anu nyabakana-Na teh; tangtu nyahoeun yen eta teh awewe loba dosa!"

⁴⁰ Yesus ngalahir ka manehna, "Simon, Kaula aya picaritaeun." "Mangga, Guru, mangga saurkeun," tembalna.

⁴¹ "Aya dua jelema baroga hutang ka tukang nginjeumkeun duit," saur Yesus, "nu saurang lima ratus uang perak, nu saurang deui lima puluh uang perak.

⁴² Ku sabab teu barisaeun mayar, hutang maranehna dibebaskeun ku nu boga duitna. Cik, anu mana anu bakal leuwih nyaahen ka eta jelema?"

⁴³ "Rarasaan sim kuring mah anu hutangna leuwih gede," jawabna. "Bener eta," saur Yesus.

⁴⁴ Anjeunna nyoreang ka eta awewe terus ngalahir ka Simon, "Katingali ieu awewe? Kaula nyemah ka anjeun nepi ka teu ngumbah suku, sabab teu disadiaan cai. Ku ieu awewe suku Kaula dikumbah ku cipanonna, disekaan ku buukna.

⁴⁵ Kaula ku anjeun henteu dipapag ku cium. Ari ieu awewe ti barang Kaula datang teu eureun-eureun nyuman kana suku.

⁴⁶ Anjeun teu nyadiakeun minyak keur sirah Kaula, tapi ku ieu awewe mah suku Kaula diminyakan ku minyak seungit mani lantis.

⁴⁷ Ieu awewe nu matak bangun sakitu nyaahenana ka Kaula teh bawaning ku tumarima lantaran dosa-dosana anu sakitu lobana geus dihampura. Lamun anu

dosana teu pira mah dihampura teh bakal mikanyaahna oge moal sabaraha."

⁴⁸ Geus kitu lahirana-Na ka eta awewe, "Dosa-dosa Nyai geus dihampura."

⁴⁹ Nu sejen-sejen anu keur dalahar bareng jeung Anjeunna, ngaromong dina hatena, "Saha ieu jelema teh bet mani ngahampura dosa?"

⁵⁰ Tapi Yesus ngalahir deui ka eta awewe, "Nyai geus salamet lantaran gede kapercayaan. Heug sing senang hate."

8 ¹ Teu lila ti harita Yesus angkat nyumpingan kota-kota jeung desa-desa, ngawulangkeun Injil Kasalametan ngeunaan Karajaan Allah. Murid-murid-Na teu tinggal,

² kitu deui wanita-wanita anu geus dicalageurkeun tina kasakitna jeung tina kasurupan ku roh jahat, nya eta: Maria (anu katelah Magdalena) anu cageur tina kasurupan ku tujuh roh jahat;

³ Yohana, bojo Kusa pajabat karaton Herodes; Susanna, jeung loba deui wanita-wanita sejen. Ieu wanita-wanita geus ngabarantu ka Yesus jeung murid-murid-Na ku pangabogana masing-masing.

⁴ Jalma-jalma ti kota-kota teu eureun-eureun daratang ka Yesus, kumpul kacida lobana. Anjeunna tuluy nyarioskeun ieu misil:

⁵ "Aya hiji jelema indit nebarkeun binih. Waktu nyebankeun, binihna aya anu ragragan

ka jalan, katarincakan jeung diparacokan ku manuk.

⁶Aya anu ragragan kana taneuh anu cadasan, ari jadi tuluy perang lantaran taneuhna garing.

⁷Sawareh ragraganana kana rungkun cucuk, bareng jadina jeung tangkal cucuk, tapi tulunya eungapeun kaheumpikan ku cucuk.

⁸Anu ragragna bener kana taneuh lendo, sanggeus jaradi tuluy baruahan jadi saratus kalieun." Saur-Na deui, "Lamun baroga ceuli, pek darengekeun!"

⁹Murid-murid mihatur naroskeun harti eta misil.

¹⁰Anjeunna ngawaler, "Maraneh bakal ngarti, sabab geus dibere kanyaho pikeun ngarti kana rasiah-rasiah Karajaan Allah. Ari anu sejen-sejen mah ngan dibere misil-misilna bae. Nu matak maranehna mah najan narenjokeun ge moal narenjoeun, najan ngadarengekeun ge moal ngalartieun."

¹¹"Harti eta misil kieu: Binih, nya eta pangandika Allah.

¹²Anu ragragna ka jalan, nya eta pangandika teh didarengé tapi dirampas ku Iblis, dipiceun ti jero hate nu ngadarengé supaya maranehna ulah nepi ka palercaya, ulah saralamet.

¹³Anu ragragna kana taneuh anu cadasan, nya eta pangandika teh didarengé sarta ditarima reujeung suka ati, tapi henteu akaran; ana datang cocoba seug murtad.

¹⁴ Anu ragragna kana rungkun cucuk, nya eta pangandika teh didarengekeun, ditarima, tapi kalimpudan ku kahariwangan, kaelehkeun ku napsu hayang beunghar jeung hayang kasenangan dunya, anu ngalantarankeun buahna teu nepi ka asak.

¹⁵ Binih anu bener ninggangna kana taneuh lendo, hartina pangandika teh didarenge, terus nyerep kana hate anu mulus jeung satuhu, tahan hirup nepi ka bisa baruahan."

¹⁶ "Moal aya anu nyeungeut lampu tuluy dituruban ku gentong atawa diteundeun di kolong dipan, tangtu diteundeun dina parantina supaya caangna katembong ku nu arasup ka imah.

¹⁷ Naon bae anu dibuni-buni bakal katembong sarta kabuka, jeung naon bae anu ditutupan bakal kapanggih sarta kanyahoan.

¹⁸ Ku sabab kitu darengekeun enya-enya; sabab sing saha anu geus boga bakal ditambahan, sabalikna anu teu boga mah barang pangleutikna ge anu ceuk rarasaanana jadi kabogana, bakal dicokot."

¹⁹ Ibu Yesus jeung saderek-saderek-Na sarumping rek nepangan, tapi teu kungsi jonghok sabab kahalangan ku jalma rea.

²⁰ Tuluy aya anu ngunjukkeun, pokna, "Tuang ibu sareng saderek-saderek sarumping bade nepangan, itu di luar."

²¹ Anjeunna ngawaler, "Indung jeung dulur-dulur Kami mah nya eta sing sakur

anu ngadenge kana sabda Allah reujeung ngalampahkeunana."

²²Dina hiji poe Yesus naek parahu bari saur-Na ka murid-murid, "Urang meuntas ka ditu." Tuluy mareuntas talaga.

²³Sabot keur balayar Yesus kulem. Dak-dumadak aya angin gede nebak talaga, parahu mimiti kaeusian cai, kacida bahayana.

²⁴Yesus ku murid-murid digugahkeun, "Pa Guru, urang tiwas!" Yesus gugah terus nimbalan ka angin jeung ombak. Jep angin jeung ombak teh leler, talaga jadi kacida leuleuyna.

²⁵Anjeunna ngalahir ka murid-murid, "Dikamanakeun kapercayaan maraneh?" Murid-murid ngan sieun jeung bengong nu aya, tuluy tingkarucuwes, "Saha saenyana Anjeunna teh, nepi ka angin jeung ombak nurut kana parentah-Na?"

²⁶Yesus jeung murid-murid kebat balayarna ka tanah urang Gerasa, peuntaseun Talaga Galilea.

²⁷Barang lungsur ka darat, Anjeunna kapapag ku hiji jelema urang kota eta. Eta jelema kasurupan roh-roh jahat, sarta geus lila tara make papakean, cicingna lain di imah tapi di guha-guha tempat kuburan.

²⁸Barang nenjoeun ka Yesus tuluy ngajerit, brek nyuuuh ka payuneuna-Na tuluy ngagero, "Duh Yesus Putra Allah Nu Maha Agung! Abdi teh bade dikumahakeun? Mugi ulah disiksa!"

²⁹ Nu matak ngomongna kitu, sabab roh jahatna ku Yesus geus ditimbalan kaluar ti eta jelema. Kacida seringna manehna dikawasaan ku eta roh jahat, nepi ka sanajan dikurung sarta leungeun jeung sukuna dirante, rantena dipegatkeun sarta manehna ku roh jahatna dikaburkeun ka gurun keusik.

³⁰ Ku Yesus dipariksa, "Saha ngaran?" "Ngaran kuring Legiun," jawabna, sabab anu nyurupna kacida lobana.

³¹ Eta roh-roh jahat nunuhun ka Yesus supaya ulah dijebloskeun ka Jurang Hukuman.

³² Teu jauh ti dinya aya bagong loba pisan keur nyaratuan di lamping pasir. Roh-roh jahat teh nunuhun ka Yesus menta diidinan nyarurup ka eta bagong-bagong. Yesus ngidinan.

³³ Eta roh-roh jahat kalaluar ti eta jelema tuluy nyarurup ka bagong. Bagong-bagongna tinggerebeg laluncatan tina jurang ka talaga, tuluy tingkerelep.

³⁴ Anu ngajaragana ngan bisa narenjokeun, tuluy lalumpatan bebeja ka kota jeung desa-desa.

³⁵ Jelema-jelema kalaluar rek narenjo eta kajadian. Ari narepi ka Yesus, nyampak jelema anu kakara waras tina kasurupan roh-roh jahat teh keur diuk deukeut sampean Yesus, geus make papakean, ingetanana geus jejeg. Kacida maranehna sarieuneunana

³⁶ nyarakshan eta kajadian teh, tuluy ngaromong ka nu sejen, nyaritakeun kumaha dicageurkeunana eta jelema.

³⁷ Geus kitu urang dinya kabeh menta supaya Yesus angkat ti dinya, sabab maranehna kacida sarieuneunana. Ku sabab kitu Yesus naek parahu deui ngantunkeun eta tempat.

³⁸ Jelema anu tas diraksuk ku setan tea nunuhun, pokna, "Abdi sumeja ngiring." Tapi ku Yesus teu diwidian, saur-Na,

³⁹ "Geura balik bae, caritakeun engke pangalaman maneh ditulung ku Allah." Bral eta jelema teh indit tuluy ngider kota, nyaritakeun pangalamanana ditulungan ku Yesus.

⁴⁰ Sasumpingna deui Yesus ka peuntas sejen, dipapag ku jalma rea nu geus lila ngadaragoan.

⁴¹ Aya hiji jelema ngaran Yairus, kapala imah ibadah di dinya nepangan ka Yesus, mendek ka payuneuna-Na, nunuhun supaya Anjeunna kersa linggih ka imahna,

⁴² karana anakna anu awewe anu kakarek umur dua belas taun, turta ngan hiji-hijina gering geus meh maot. Sajeroning Yesus angkat, anu ngariring nyaredék ka Anjeunna ti ditu ti dieu.

⁴³ Aya hiji awewe boga kasakit haid, ngagetih terus geus dua welas taun, geus beak sagala

rupa dipake tatamba ka tabib-tabib, tapi kasakitna teu cageur-cageur.

⁴⁴ Eta awewe seseleke ka pungkureun Yesus, tuluy nyabak kana kelin jubah-Na. Set ngagetihna eureun.

⁴⁵ Yesus mariksakeun, saur-Na, "Saha anu nyabak ka Kami?" Teu aya anu ngaku. Pok Petrus mihatur, "Pa Guru, jalmi sakieu seueurna, sadayana ngangseg pacaket-caket."

⁴⁶ Tapi saur Yesus, "Aya anu nyabak, sabab karasa aya tanaga kaluar ti Kami."

⁴⁷ Awewe teh ngarasa kabitur, bruk nyuuh kana sampean Yesus, awakna ngadegdeg. Pok ngaku hareupeun anu loba, nerangkeun sababna nu matak nyabak, jeung nerangkeun yen barang nyabak oge panyakitna ngadadak cageur.

⁴⁸ Yesus ngalahir ka manehna, "Anaking, Nyai geus cageur, lantaran percaya. Heug sing senang hate."

⁴⁹ Sabot keur sasauran kitu, aya jurungan ti imah eta kapala. "Putra teh parantos ngantunkeun," pokna ka Yairus, "teu kedah ngarerepot deui ka Pa Guru."

⁵⁰ Kadangueun ku Yesus, Anjeunna nyarios ka Yairus, "Ulah sieun, sing percaya bae, budak teh bakal cageur deui."

⁵¹ Sanggeus sumping ka imah Yairus, nu loba teu diwidian milu asup lian ti Petrus, Yohanes, Yakobus, jeung indung bapana budak tea.

⁵²Anu araya di imah keur reang nyeungceurikan anu maot. Saur Yesus, "Ulah careurik, budak teh lain maot, keur sare!"

⁵³Jalma-jalma nyaleungseurikeun Anjeunna, dumeh anu maot disaurkeun keur sare.

⁵⁴Anjeunna tuluy nyepeng leungeun eta budak, tuluy ngalahir, "Hudang, anaking!"

⁵⁵Sup nyawa budak teh asup deui, budakna terus nangtung. Ku Yesus dipiwarang dibere dahar.

⁵⁶Indung bapana mani bati melenjek bengong. Ku Yesus didawuhan yen teu meunang cacularita ka saha-saha.

9 ¹Yesus ngempelkeun murid-murid anu dua welas tea, seug maranehanana dipaparin kawasa jeung wewenang pikeun ngusir roh-roh jahat jeung nyageurkeun rupa-rupa panyakit.

²Ti dinya maranehanana diutus pikeun ngawawarkeun warta yen Karajaan Allah rek diadegkeun di ieu dunya, jeung pikeun nyageurkeun anu garering.

³Pilahir Anjeunna, "Pikeun kaperluan di jalan maraneh ulah mawa naon-naon saperti iteuk, kantong sidekah, dahareun, duit. Pisalin ge ulah mawa.

⁴Ditarima di mana bae, nganjrek teh kudu terus di imah eta anu narima nepi ka waktu kaluar deui ti eta kota.

⁵Upama di hiji kota maraneh taya anu narima, tinggalkeun bae eta kota teh bari

gibrigkeun kekebul tina suku, minangka ngingetan ka urang dinya."

⁶ Bral murid-murid arindit mapay desa-desa, ngawartakeun Injil Kasalametan jeung nyageur-nyageurkeun anu garering.

⁷ Sagala perkara hal Yesus teh kadangu ku Herodes anu nyekel kawasa di Galilea. Kacida anjeunna bingungeunana, sabab loba anu nyarita majar teh Yohanes Jurubaptis tea hirup deui.

⁸ Aya oge anu nyarita majarkeun Nabi Elias muncul deui. Aya deui anu nyarita yen salah sahiji nabi anu baheula ayeuna hirup deui.

⁹ Saur Herodes, "Yohanes ku aing geus diteukteuk sirahna. Jadi eta jelema anu sagala bejana kadenge ku aing, saha?" Manahna panasaraneun hayang ningali Yesus.

¹⁰ Rasul-rasul anu diutus tea geus marulang, sarta ngunjukkeun sagala pagaweanana. Ku Yesus dicandak nyingsal ka nu sepi di kota Betsaida.

¹¹ Tapi jalma rea pada naluturkeun lantaran nyarahoeun. Ku Anjeunna ge ditampi, terus diwuruk hal Karajaan Allah. Nu garering dicalageurkeun.

¹² Waktu panonpoe geus rek surup, murid-murid arunjukan, "Jalmi-jalmi teh piwarang budal bae, sina marilarian tedaeu sareng pamondokan ka desa-desa sareng ka kampung-kampung, kawantos ieu tempat mah sakieu sepina."

¹³Saur Yesus, "Barere dahar ku maraneh bae saaya-aya." Ari tembalna, "Kumaha da mung gaduh roti lima siki sareng lauk dua siki. Kedah meser heula kitu tedaueun keur jalmi sakitu seueurna?"

¹⁴(Jelemana kira-kira aya lima rebu urang.) Saur Yesus, "Sina dariuk sarombongan-sarombongan, masing-masing kira-kira limapuluhan."

¹⁵Pek ku murid-murid dititah dariuk.

¹⁶Roti nu lima siki jeung laukna dua siki tea ku Yesus dicandak. Anjeunna tanggah ka langit jeung muji sukur ka Allah. Geus kitu roti teh disemplekkan, sina dibagikeun ku murid-murid.

¹⁷Jalma-jalma dalahar nepi ka sareubeuheun. Rotina nyesa keneh, ku murid-murid dikumpulkeun meunang dua belas karanjang.

¹⁸Hiji mangsa sarengsena Yesus sembahyang nyalira, murid-murid-Na pada ngadareuheus. Ku Anjeunna dipariksa kieu, "Ari ceuk jelema rea Kami teh saha?"

¹⁹Wangsulanana, "Aya anu nyebatkeun Yohanes Jurubaptis, aya anu nyebatkeun Nabi Elias, aya oge anu nyebatkeun salah sawios nabi hirup deui."

²⁰Yesus mariksa deui, "Ari ceuk maraneh, Kami teh saha?" Ceuk Petrus, "Bapa teh Kristus anu dijangjikeun ku Gusti Allah."

²¹ Yesus ngomat-ngomatan pisan supaya maranehna ulah ngucah-ngaceh eta hal.

²² Saur-Na deui, "Putra Manusa teh kudu nyorang sangsara anu pohara, ditolak ku para kokolot, ku para imam kapala, jeung ku guru-guru agama, tuluy dipaehan, tapi sanggeus tilu poe bakal dihirupkeun deui."

²³ Geus kitu ngalahir ka sarerea, saur-Na, "Lamun aya anu rek milu ka Kami kudu miceun kapentingan sorangan, unggal poe kudu manggul salibna, heug anut ka Kami.

²⁴ Sabab sing saha anu ngabelaan hirupna, bakal kaleungitan hirup. Sabalikna anu ngorbankeun hirupna lantaran anut ka Kami, bakal nyalametkeun hirupna.

²⁵ Naon untungna meunangkeun saalam dunya tapi matak ngabinasa atawa rugi nyawa? Taya pisan untungna!

²⁶ Lamun jelema era ngaku ka Kami jeung kana pangajaran Kami, Putra Manusa oge bakal era ngaku ka eta jelema, lamun Anjeunna engke sumping dina kamulyaana-Na jeung kamulyaan Rama katut kamulyaan malaikat-malaikat saruci.

²⁷ Sing percaya: ti anu araya ayeuna di dieu, aya sababaraha urang anu moal waka maot samemeh narenjo heula Karajaan Allah ngadeg di ieu dunya."

²⁸ Kira-kira saminggu ti sanggeus nyaurkeun kitu, Yesus unggah ka hiji gunung seja

neneda. Petrus, Yohanes jeung Yakobus dicandak.

²⁹ Sabot Anjeunna keur neneda, katembong raray-Na salin rupi, jeung anggoana-Na jadi bodes hurung mancur.

³⁰ Dak-dumadak katembong aya anu ngarencangan duaan keur sasauran jeung Anjeunna, nya eta Musa jeung Elias,

³¹ anu salirana pinuh ku kamulyaan sawarga. Anu disalaurkeunana nya eta yen Yesus teh bakal nekanan kapastian ti Allah, bakal ditelasan di Yerusalem.

³² Petrus, Yohanes, jeung Yakobus harita keur sarare. Tapi tuluy harudang, ret narenjo ka Yesus anu sakitu mulyana, jeung aya anu ngarencangan duaan.

³³ Barang eta anu duaan rek ngarantunkeun Yesus, Petrus unjukan ka Yesus, "Guru! Ku raraos di dieu teh! Abdi bade ngadamel kemah tilu, kangge Guru, kangge Musa, sareng kangge Elias," kitu pokna semu teu eling kana omonganana sorangan.

³⁴ Sabot manehna ngomong keneh, katembong aya mega sarta kalangkangna ngaliputan ka aranjeunna. Waktu eta mega turun ngalayang ka murid-murid, maranehna kacida sarieuneunana.

³⁵ Tina eta mega bijil gentra kieu, "Ieu teh Putra Kami nu kapilih. Kudu narurut ka Anjeunna!"

³⁶ Jep gentra, Yesus kantun nyalira. Eta murid nu tiluan teh tetep nyidem sagala tetenjoanana harita, henteu betus ka nu sejen.

³⁷ Poe isukna waktu Yesus lungsur ti gunung jeung tilu murid-Na, dipapag ku jalma loba.

³⁸ Nu saurang ngagero ka Anjeunna tarik pisan, "Pa Guru, mugi pangningalikeun pun anak anu mung hiji-hijina!"

³⁹ Sok diserang ku roh jahat anu nyurup, dugi ka sok ujug-ujug jejeritan lajeng sawan, awakna heuras, sungutna ngabudah. Teras-terasan bae eta roh jahat nyiksana ka pun anak teh, meh-mehan pun anak tiwas!

⁴⁰ Parantos nyuhunkeun tulung ka murid-murid Pa Guru supados roh jahatna dikaluarkeun, nanging henteu tariasaeun."

⁴¹ Yesus ngalahir, "Ari maraneh ku areuweuh kapercayaan jeung saralah! Kudu nepi ka iraha direujeungan jeung disabaran ku Kami teh?" Geus kitu lahirana-Na ka eta jelema, "Bawa budak teh ka dieu!"

⁴² Waktu eta budak keur leumpang nyampeurkeun, ku roh jahat dibantingkeun nepi ka sawan. Roh jahatna ku Yesus diseuseul. Budakna cageur, tuluy ku Anjeunna diserenkeun ka bapana.

⁴³ Narenjo hebatna kakawasaan Allah, jalma-jalma kabeh barengong. Waktu jelema-jelema hareraneun keneh ku nu

dipidamel ku Yesus, Anjeunna nyarios kieu ka murid-murid,

44 "Ulah paroho kana ieu omongan Kami!
Putra Manusa teh geus tereh diselehkeun
kana kakawasaan jelema."

45 Pilahir-Na ku murid-murid henteu
kahalartieun. Hal ieu dirasiahkeun ka
maranehna nepi ka maranehna teu bisa
ngajudi kana maksud anu saenyana. Ari rek
naranyakeun teu waranieun.

46 Geus kitu murid-murid teh recok sual saha
ti antara maranehna anu pangpunjulna.

47 Yesus, anu uningaeun kana palikiranana
nyandak hiji budak leutik, ditangtungkeun di
gedengeuna-Na,

48 tuluy ngalahir ka maranehna, "Saha-saha
anu narima ka ieu budak ku karana Kami, eta
teh narima ka Kami; saha-saha anu ngaku ka
Kami, eta teh narima ka anu ngutus Kami.
Sabab anu panghandapna di maraneh, nya
eta nu pangpunjulna."

49 Yohanes mihatur, "Juragan, abdi-abdi
kantos ningal jalmi anu ngusir setan nyambat
tuang jenengan. Ku margi manehna sanes ti
pihak urang, ku abdi-abdi diwagel."

50 "Ulah dilarang," waler Yesus ka Yohanes
jeung ka nu sejen-sejen, "sabab sing saha
anu teu ganggu ka maraneh eta teh batur,
mihak ka maraneh."

51 Sanggeus meh cunduk kana waktuna Yesus bakal dicandak ka sawarga, Anjeunna mutuskeun seja angkat ka Yerusalem.

52 Tuluy miwarang utusan ti heula ka hiji desa di Samaria, sina nyadiakeun pisumpingeuna-Na.

53 Tapi urang desa eta arembungeun narima, dumeh nyarahoeun yen Yesus teh geuning kersana rek ka Yerusalem.

54 Dua murid, nya eta Yakobus jeung Yohanes, sanggeus tarerangeun kitu teh mihatur ka Yesus, "Gusti, kumaha pangersa teh, naha kenging abdi-abdi nyambat seuneu turun ti langit sina ngalebur eta jalmi-jalmi?"

55 Yesus nyoreang ka maranehna, sarta eta dua murid teh diseukseukan.

56 Geus kitu Anjeunna angkat jeung murid-murid ka desa sejen.

57 Di satengahing jalan aya jelema mihatur ka Yesus, "Abdi sumeja ngiring Bapa ka mana bae."

58 Saur Yesus, "Careuh baroga liang, manuk baroga sayang, ari Putra Manusa mah teu boga tempat keur ngedeng-ngedeng acan."

59 Ari ka nu saurang deui kieu lahir-Na, "Tuturkeun kami." Tapi ngajawabna teh, "Nyuhunkeun permios heula bade ngaruang pun bapa."

60 Saur Yesus, "Keun nu maot mah sina nguburkeun nu maotna sorangan, ari maneh

kudu ngawartakeun Karajaan Allah anu bakal ngadeg di ieu dunya."

⁶¹ Aya deui saurang, mihatur kieu, "Abdi sumeja ngiring, Juragan! Mung bade pamitan heula ka kulawargi."

⁶² Saur Yesus ka manehna, "Lamun geus prak ngawuluku masih sumoreang mah teu pantes jadi warga Karajaan Allah."

10¹ Sanggeus sasauran kitu Gusti Yesus milih tujuh puluh dua deui jelema sejen, diutus duaan-duaan ka kota-kota jeung tempat-tempat anu bakal disumpingan ku Anjeunna.

² Pilahir-Na ka maranehna, "Pibuateun sakitu legana, nu rek ditaruh na ngan saeutik. Kudu nyuhunkeun ka Anu kagunganana eta pibuateun, sangkan ngintun nu baris mibuatannya.

³ Geura ariang! Maraneh ku Kami diutus lir anak domba ka tengah-tengah ajag.

⁴ Ulah mawa dompet atawa kantong sidekah kitu deui tarumpah; di jalan ulah rundag-randeg uluk salam.

⁵ Mun asup ka imah batur ucapkeun heula salam, Mugia rukun kerta nu kagungan bumi!

⁶ Lamun di eta imah aya anu resep rukun, pangdoa maraneh mangka tumerap ka dirina, sabalikna lamun teu aya, pangdoa maraneh tarik deui.

⁷ Lamun geus aya anu ngaku, nganjrek teh kudu tetep di imah eta bae ulah pipindahan,

dahar nginum di dinya, tarima sagala susuguhna, karana anu digarawe teh pantes mareunang bayaran.

⁸ Samangsa-mangsa asup ka hiji kota tuluy aya anu ngaku, naon bae susuguhna dahar;

⁹ lamun di dinya aya anu gering, cageurkeun. Jeung bejakeun ka urang dinya kieu, Moal lila deui Karajaan Allah bakal ngadeg di dieu.

¹⁰ Tapi lamun di hiji kota pribumina arembungeun narima, papay sakabeh jalanna jeung celukkeun kieu,

¹¹ Najan sakeprul kekebul ieu kota anu nempel kana suku kaula, ku kaula dikirabkeun deui ka aranjeun! Ngan sing nyaraho, Karajaan Allah geus tereh ngadeg di aranjeun!

¹² Sing percaya: Dina Poe Kiamat, Allah bakal leuwih welaseun ka nagara Sadumu jeung Gomora ti batan ka eta kota!"

¹³ "Cilaka engke maneh, Korasin! Cilaka maneh, Betsaida! Lamun tea mah kaajaiban-kaajaiban anu ditembongkeun ka maraneh teh ditembongkeunana di Tirus jeung Sidon, ti bareto keneh oge urang dinya tangtu geus ngawuran maneh ku kekebul jeung marake baju karung nyirikeun tobat tina dosa-dosana.

¹⁴ Dina Poe Kiamat Allah malah bakal leuwih welaseun ka Tirus jeung Sidon ti batan ka maneh!

¹⁵ Jeung maneh deui, Kapernaum! Baruk rek ngunggahkeun maneh ka sawarga? Maneh malah bakal dijongklokkeun ka naraka!"

¹⁶ Geus kitu Yesus ngalahir ka murid-murid-Na, "Anu nurut ka maraneh, eta nurut ka Kami; anu teu ngaku ka maraneh, eta teu ngaku ka Kami; anu teu ngaku ka Kami, teu ngaku ka nu ngutus Kami."

¹⁷ Tujuh puluh dua jelema anu diarutus tea geus marulang semu anu kacida barungaheunana. "Gusti," pihaturna, "roh-roh jahat oge diparentah ku abdi-abdi kalayan nyebat jenengan Gusti teh tarunduk!"

¹⁸ Saur Yesus, "Katenjo ku Kami Iblis teh ragrag ti sawarga kawas kilat.

¹⁹ Maraneh ku Kami geus dibere kawasa, pikeun nincakan oray jeung kalajengking, jeung pikeun ngelehkeun kakawasaan musuh, tur moal aya anu bisa nyilakakeun ka maraneh.

²⁰ Tapi ulah bungah ku dumeh roh-roh jahat nepi ka tarunduk ka maraneh; kudu barungah teh lantaran ngaran maraneh geus ditulis di sawarga."

²¹ Waktu eta manah Yesus pinuh ku kabungah ti Roh Suci, pok ngalahir, "Nun Ama Gustina langit sareng bumi! Abdi muji sukur, reh perkawis ieu ku Ama dirasiahkeun ka anu palinter sareng garaduh elmu, dupi ka anu teu garaduh katerang mah parantos

ditembrakkeun. Leres, ieu anu nyukakeun manah Ama teh."

²² Pilahir-Na deui, "Sakabeh hal ku Rama Kami geus diserenkeun ka Kami. Taya nu nyaho ka Putra, ngan Rama anu uninga. Taya nu nyaho ka Rama salian ti Putra jeung jelema-jelema anu ku Putra kapilih diwawuhkeun ka Rama."

²³ Ti dinya sasaurana-Na teh ngan pikeun murid-murid-Na wungkul, kieu saur-Na, "Maraneh kacida untungna geus narenjo perkara-perkara anu ayeuna geus nembrak ka maraneh!"

²⁴ Kami ngabejaan, Ioba nabi jeung raja-raja anu harayangeun nenjo perkara anu geus katarenjo jeung kadarenge ku maraneh teh, tapi teu kalaksanakeun."

²⁵ Aya hiji guru Toret ngadoja kieu ka Yesus, "Guru, lamun kaula hayang bisa hirup langgeng, kaula kudu kumaha?"

²⁶ Waler Yesus, "Kumaha ceuk Kitab Suci? Kumaha pamanggih anjeun tina hal eta?"

²⁷ Tembalna, "Masing nyaah ka Pangeran Allah maraneh, terus jeung hate, terus jeung nyawa, sing sakuat-kuat jeung sabudi akal, jeung Kudu nyaah ka batur kawas ka diri sorangan."

²⁸ "Bener kitu," waler Yesus, "pek eta lampahkeun, tangtu anjeun hirup."

²⁹Tapi eta guru agama teh hayang ngabenerkeun maneh, tuluy nanya, "Saha batur kaula teh?"

³⁰Waler Yesus, "Sakali mangsa aya hiji jelema mudun ti Yerusalem ka Yeriho. Di tengah jalan ditarajang ku begal, dirangsadan jeung dirogahala nepi ka satengah paeh, tuluy ditaringgalkeun.

³¹Kabeneran aya hiji imam leumpang nyorang jalan eta. Nenjo anu ngajoprak teh tuluy ngejat ka sisi sejen, leumpangna terus kebat.

³²Lar deui saurang, urang Lewi ngaliwat ka dinya. Ret nenjoeun ka nu ngajoprak, tuluy ngejat ka sisi sejen, leumpangna terus kebat.

³³Tapi aya hiji jelema urang Samaria ngaliwat ka dinya. Ari ret awas ka nu ngajoprak liwat saking watireunana.

³⁴Geuwat diburu, raheut-raheutna dikucuran ku minyak jeung anggur tuluy dibeberan; geus kitu ditumpakkeun kana sato tutumpakanana, dibawa ka hiji losmen terus dipulasara.

³⁵Poe isukna eta urang Samaria teh mikeun duit dua uang perak ka nu boga losmen. Panguruskeun ieu nu gering, pokna. Engke kuring nyimpang deui ka dieu. Sagala rupa anu ku anjeun dipake keur kaperluanana, tangtu ku kuring engke dibayar."

³⁶ Yesus nutup pilahir-Na kieu, "Cik, ti eta tilu jelema, anu mana anu lampahna nyirikeun jadi batur jelema anu dibegal teh?"

³⁷ "Anu nulunganana," tembal eta guru agama. "Tah, anjeun oge kudu kitu. Lampahkeun kitu ku anjeun," waler Yesus.

³⁸ Yesus katut murid-murid angkat deui. Barang sumping ka hiji desa, Anjeunna dihaturanan linggih ku hiji wanita ngaran Marta.

³⁹ Marta boga dulur awewe hiji ngaranna Maria, anu terus emok deukeut dampal sampean Gusti, ngaregepkeun cariosana-Na.

⁴⁰ Ari Marta pakepuk sorangan keur nyayagikeun. Tungtungna marek unjukan, "Gusti, eta pun dulur ngeunah-ngeunah, abdi diantep pakepuk digawe sorangan bae. Piwarang mantuan atuh!"

⁴¹ Ku Gusti diwaler, "Marta, Marta! Hidep ngariripuh maneh mikiran itu mikiran ieu.

⁴² Ngan sarupa anu penting teh. Maria geus milih anu bener, sarta eta moal aya anu nyokot deui."

1 1 ¹Dina hiji poe sabada Yesus neneda di hiji tempat, disampeurkeun ku murid-Na saurang anu unjukan kieu, "Gusti, abdi-abdi wulang neneda. Yohanes oge ngawulang neneda ka murid-muridna."

²Saur Yesus, "Kudu kieu maraneh neneda teh: Nun Ama: Mugi jenengan Ama disucikeun. Karajaan Ama mugi dongkap.

³ Mugi abdi unggal dinten dipaparin tedaean sa picekapeun.

⁴ Mugi dosa abdi dihapunten, sakumaha abdi oge ngahapunten ka anu midamel kalepatan ka abdi. Sareng mugi abdi ulah dipaparin cocobi anu abot."

⁵ Saur-Na deui ka murid-murid, "Upamakeun: saurang ti maraneh indit ka imah sobatna tengah peuting ngomong kieu, Maap, kuring rek ngingeum roti tilu bonjor.

⁶ Aya kawawuhan anu keur iinditan, bieu nyimpang heula ka imah. Kuring teu boga keur nyuguhan!

⁷ Upamakeun deui jawaban sobatna kieu, Ngahesekeun! Geus tutulak jeung geus ngedeng jeung barudak, wegah hudangna, wegah mereanana!

⁸ Cik kumaha jadina? Ceuk Kami, sanajan upama manehna embungeun hudang, embungeun nedunan najan maneh teh sobatna, tapi ku lantaran maneh keukeuh jeung teu era-era, lila-lila mah sakumaha wegaheunana ge tangtu hudang nedunan sapamenta maneh.

⁹ Mana ceuk Kami: Kudu daek menta, tangtu bakal dibere; kudu daek barangsiar, tangtu bakal beubeunangan; kudu daek ngetrokan tangtu bakal dipangmukakeun panto.

¹⁰ Sabab sing saha anu menta bakal dibere, nu barangsiar bakal beubeunangan, nu keketrok bakal dipangmukakeun panto.

¹¹ Bapa mana lamun anakna menta lauk sok teh dibere oray?

¹² Atawa lamun anakna menta endog sok teh dibere kalajengking!

¹³ Sakumaha jahatna maraneh, tangtu nyaho naon nu hade bikeuneun ka anak! Komo deui Rama maraneh nu di sawarga mah! Mantenna tangtu maparinkeun Roh Suci ka sing saha anu menta ka Mantenna."

¹⁴ Yesus tas ngusir hiji roh jahat anu pireu ti hiji jelema. Sanggeus eta roh jahat diusir, jelemana bisa deui ngomong, nepi ka jalma-jalma hareraneun.

¹⁵ Tapi aya anu ngaromong kieu, "Eta teh dibere kakawasaan ku Beelsebul, gegedug roh-roh jahat, nu matak bisaeun ngusir roh jahat anu nyurup ka jelema."

¹⁶ Sawareh deui aya anu marenta mujijat ka Anjeunna teh, majar pikeun bukti yen Anjeunna sumping ti Allah. Maranehna saenyana mah rek nyilakakeun.

¹⁷ Tapi Yesus uninga kana palikiranana, tuluy ngalahir, "Nagara anu pecah jadi golongan-golongan anu silih lawan, ngadegna moal lila; hiji kulawarga anu anggotana pecah jeung silih musuhan, bakal paburantak.

¹⁸ Karajaan Iblis oge lamun silih perangan pada baturna, naha bisa langgeng? Ceuk

aranjeun Kaula ngusir roh jahat teh make kakawasaan Beelsebul.

¹⁹ Lamun enya kitu, ari para panganut aranjeun ngusir roh jahat make kawasa naon? Mun kitu mah para panganut aranjeun sorangan ngabuktikeun yen aranjeun salah!

²⁰ Kaula ngusir roh-roh jahat teh ku kakawasaan Allah, tur eta teh saenyana mah ciri yen Karajaan Allah geus mimiti ngadeg di tengah-tengah aranjeun.

²¹ Lamun jelema gagah tur lengkep pakarangna ngajaga imahna, sagala harta bandana ditanggung aman.

²² Tapi lamun manehna ditarajang sarta eleh ku anu leuwih gagah, pakarang andelanana karampas, harta bandana dibagi-bagi ku batur.

²³ Jelema anu henteu satuju ka Kaula tandaning lawan; jelema anu henteu mantuan ngumpulkeun ka Kaula tandaning rek ngawut-ngawut."

²⁴ "Lamun roh jahat geus kaluar tina nyurupna ka hiji jelema, tuluy ngatrok ka tempat-tempat anu garing, neangan enggon reureuh. Sanggeus teu manggih, ngomong sorangan, Mending balik deui ka imah aing nu bareto.

²⁵ Tuluy balik deui, nyampak urut nyurupna teh kosong, beresih, rarapih.

²⁶ Seug indit heula, datangna deui mawa tujuh roh anu leuwih jahat ti batan manehna,

tuluy nyarurup. Tungtungna jelema anu diranjananana teh kaayaanana jadi leuwih cilaka ti batan ti heula."

²⁷ Ti antara jalma rea aya awewe unjukan kieu, "Ku bagja istri anu ngababarkeun sareng nginangan Juragan!"

²⁸ Tapi waler Yesus, "Leuwih bagja deui jelema anu ngadenge jeung nurut kana timbalan Allah!"

²⁹ Jelema-jelema araya keneh. Yesus ngalahir deui, saur-Na, "Ku jarahat jelema-jelema jaman ayeuna! Maranehna marenta kaajaiban. Tapi taya deui kaajaiban anu rek ditembongkeun salian ti kaajaiban anu kasorang ku Nabi Yunus.

³⁰ Sabab sakumaha Nabi Yunus jadi tanda ka urang Ninewe, Putra Manusia oge jadi tanda pikeun jelema-jelema jaman ayeuna.

³¹ Dina Poe Kiamat Ratu nagri Syeba bakal nunjuk ngadakwa ka jelema-jelema anu harirup jaman ayeuna. Sabab eta ratu geus merlukeun sumping ka Raja Suleman seja ngadangukeun ujar-ujarna anu wijaksana, dibelaan angkat sakitu jauhna. Ayeuna di dieu, Kami ngabejaan, aya anu leuwih punjur ti batan Raja Suleman.

³² Dina Poe Kiamat jalma-jalma urang Ninewe bakal nunjuk ngadakwa ka aranjeun, sabab urang Ninewe mah sanggeus ngadarenge panggeuing Nabi Yunus teh terus

tarobat. Sing percaya: Di dieu aya anu leuwih
luhur ti batan Nabi Yunus!"

³³"Moal aya anu nyeungeut lampu terus
disumputkeun atawa dituruban ku gentong,
tangtu diteundeun dina parantina sina katenjo
caangna ku nu arasup ka jero imah.

³⁴Panon teh minangka lampu awak. Lamun
panon cekas, sakujur awak caang mabra;
sabalikna lamun panon surem, sakujur awak
tangtu poek.

³⁵Ku sabab kitu sing ati-ati, caang nu aya di
maraneh ulah nepi ka jadi poek.

³⁶Sabab lamun sakujur awak caang mabra
taya anu poek, tangtu caang kabeh cara anu
kasorot ku cahaya lampu."

³⁷Tutup Yesus sasauran, Anjeunna diangkir
tuang ku hiji urang Parisi. Anjeunna sumping,
terus linggih tuang.

³⁸Eta urang Parisi teh heraneun dumeh
Yesus henteu ngumbah heula panangan.

³⁹Pok Anjeunna ngalahir ka manehanana,
saur-Na, "Kieu: Aranjeun, urang Parisi, ibarat
cangkir jeung piring anu diberesihan luarna
bae, ari beulah jerona diantep pinuh ku
kabengisan jeung kajahatan.

⁴⁰Aranjeun bodo! Allah ngayakeun beulah
luar teh lain jeung beulah jerona oge?

⁴¹Supaya cangkir jeung piring aranjeun
beresih luar jerona sakumaha ceuk agama,
sidekahkeun eusina ka nu mariskin.

⁴² Cilaka aranjeun, urang Parisi! Ari mere perpuluhan ka Allah gumati, nepi ka surawung, daun kasimukan jeung lalab-lalaban lianna oge dibikeun perpuluhanana. Tapi ingkar tina kaadilan jeung taya kanyaah ka Allah. Padahal nya sipat adil jeung nyaah ka Allah anu kudu dibuktikeun teh, bari henteu campoleh kana perkara sejenna.

⁴³ Cilaka aranjeun, urang Parisi! Di imah-imah ibadah milih tempat nu pangutamana, di pasar-pasar menta disalamana jeung dipikaajrih.

⁴⁴ Cilaka aranjeun! Aranjeun teh lir kuburan teu make tetenger, pada narincakan lantaran sugaran teh lain kuburan."

⁴⁵ "Pa Guru," ceuk hiji guru agama, "golongan sim kuring milu kahina ku ucapan Pa Guru!"

⁴⁶ Waler Yesus, "Aranjeun oge cilaka, guru-guru agama! Taktak batur dibegbregan leuwih ti misti, aranjeun sorangan teu ngutekkeun ramo-ramo acan keur ngenteng-ngenteng kabeurat batur.

⁴⁷ Cilaka aranjeun! Kuburan nabi-nabi ku aranjeun dialus-alus, nabi-nabi anu diparaahan ku karuhun aranjeun tea!

⁴⁸ Eta teh tandaning ngaku satuju kana kajahatan karuhun aranjeun ka nabi-nabi. Karuhun aranjeun anu maehanana, aranjeun anu nyieun kuburanana.

⁴⁹ Paingan aya sabda Kawijaksanaan Allah kieu, Kami rek ngirimkeun nabi-nabi jeung utusan-utusan, sawareh bakal diparaehan, sawareh deui bakal dikaniaya.

⁵⁰ Ku sabab eta, jelema-jelema nu hirup di jaman ayeuna bakal disiksa ku tina kajahatanana; ti barang dunya mimiti diadegkeun maranehna geus prak maehan nabi-nabi,

⁵¹ mimiti ti semet Habil nepi ka waktu maehan Jakaria anu dirogahala di antara altar jeung Tempat Suci. Sing percaya, jelema-jelema jaman ayeuna teh tangtu meunang siksaan tina sagala kalakuanana!

⁵² Cilaka aranjeun, guru-guru agama! Konci paragi muka panto kanyaho dikekewek, ari heug aranjeun sorangan embung asup, batur nu rek arasup dihalang-halang!"

⁵³ Sanggeus Yesus angkat ti dinya, teu kira-kira pada ngagogorengna ku urang Parisi jeung guru-guru agama. Anjeunna diteregteg ku rupa-rupa sual.

⁵⁴ Nu dipalar ku maranehna sangkan Yesus sasaurana-Na salah.

12¹ Rebuan jelema karumpul deui pasesedek nepi ka silih tincak. Sabot kitu Yesus ngalahir ka murid-murid, "Sing waspada kana ragi urang Parisi, nya eta kana kamunapekanana.

² Sabab naon bae anu disamunikeun bakal katembong, rasiah naon bae bakal kaboker.

³Jadi naon bae anu ku maraneh diomongkeun di nu poek, bakal kadenge saterang-terangna, jeung naon bae anu ku maraneh diharewoskeun rurusiahan di kamar anu nutup, geus tangtu bakal diuar-uar."

⁴"Jeung deui, batur-batur! Ulah sieun ku tukang maehan. Jelema mah ngan bisa maehan raga badag, teu bisa leuwih ti kitu.

⁵Kami rek nuduhkeun ka maraneh, saha anu kudu dipikasieun. Nu kudu dipikasieun mah Allah. Allah mah kajaba ti iasaeun maehan teh wenang ngalungkeun ka naraka. Sakali deui, Mantenna anu kudu dipikasieun teh!

⁶Manuk piit lima dijualna teh ngan laku kana duit pangleutikna dua gebleg. Tapi sanajan kitu ge ku Allah moal aya anu dilalikeun.

⁷Malah buuk sirah maraneh ge ku Mantenna geus dietang. Jadi ulah salempang; maraneh leuwih hargaan ti batan manuk piit!"

⁸"Kami ngabejaan: Anu ngaku ka Kami di hareupeun umum, ku Putra Manusa bakal diaku di hareupeun para malaikat Allah.

⁹Sabalikna anu nampik Kami di hareupeun umum, ku Putra Manusa bakal ditampik di hareupeun para malaikat Allah.

¹⁰Sing saha anu dina omonganana aya kecap anu ngalawan ka Putra Manusa bisa dihampura; sabalikna anu ngagogoreng ka Roh Suci mah moal dihampura.

¹¹Lamun maraneh dibawa ka imah-imah ibadah rek diperkarakeun ka para gegeden

atawa para pangereh, ulah sieun teu bisa ngabela diri atawa bingung piomongeun.

¹²Sabab maraneh dina waktuna bakal dibere piomongeun ku Roh Suci."

¹³Ti jelema loba aya anu mihatur kieu ka Yesus, "Pa Guru, mugi pangmepelingankeun pun dulur supados daekeun maparin bagian harta tittinggal pun bapa ka abdi."

¹⁴Waler Yesus, "Baraya! Na saha anu ngangkat Kami pikeun ngahakiman atawa ngabagikeun warisan antara aranjeun duaan?"

¹⁵Sasaurana-Na diteruskeun ka sarerea, "Kahade maraneh ulah nepi ka boga sipat sarakah dina hal naon bae; sabab hirup jalma teh saenyana lain gumantung kana hartana, masih sakumaha beungharna oge."

¹⁶Geus kitu Anjeunna nyarioskeun ieu misil, "Aya hiji jelema beunghar, boga tanah sarta meunang hasilna loba.

¹⁷Seug mikir dina hatena, Euweuh deui tempat jang nyimpen ieu hasil tanah. Kumaha petana?

¹⁸Euh bener, carekna ngomong sorangan, gudang-gudang anu aya rek diruag, rek nyieun anu leuwih galede jang nyimpen gandum jeung sagala harta banda aing.

¹⁹Geus kitu aing rek ngomong ka diri sorangan: He jelema bagja! Tah bekel hirup teh sakitu haradena, tur mahi keur

sababaraha tauneun. Pek geura reureuh, dahar, nginum, nyenangkeun diri!

²⁰Tapi Allah ngadawuh ka manehna, Eh, nu burung! Peuting ieu nyawa maneh rek dipundut. Ku saha engke dipimilikna eta dunyabrana beunang ngumpulkeun pikeun sorangan teh?"

²¹ Yesus nutup pilahir-Na, "Tah kitu jadina jelema beunghar keur sorangan bae sarta lampahna henteu sapagodos jeung pangersa Allah teh."

²²Pilahir-Na deui ka murid-murid, "Ku sabab kitu maraneh ulah salempang sieun teu manggih dahar pikeun hirup, sieun teu boga pakean pikeun awak.

²³Hirup teh leuwih penting ti batan dahareun, awak leuwih penting ti batan pakean.

²⁴Tenjo manuk gagak, tara pepelakan tara ngumpulkeun parab, teu ngabogaan gudang atawa leuit, ku Allah teu kendat diparaban! Maraneh leuwih hargaan ti batan manuk!

²⁵Na bisa maraneh numbu hirup barang sakeudeung ku kasalempang perkara eta?

²⁶Lamun ku sual anu sakitu leutikna maraneh geus ngarasa teu sanggup, naon gunana salempang ku hal-hal sejenna?

²⁷Tenjo kembang bakung kumaha jadina. Tara digawe atawa nyieun papakean. Tapi sanajan kitu ceuk Kami, Raja Suleman anu

sakitu beungharna oge panganggona eleh alus ku eta kembang.

²⁸ Malah jukut, anu poe ieu aya poe isuk geus beak diduruk, ku Allah didangdanan alus pisan. Atuh komo maraneh mah moal datang ka teu dipakeeanan ku Mantenna. Ipis pisan maraneh mah kapercayaan ka Allah teh!

²⁹ Mana oge ulah bingung ku sual dahar jeung nginum.

³⁰ (Anu ngan malikiran nu karitu wungkul teh umat anu teu anut ka Allah.) Rama maraneh ge uningaeun yen maraneh teh butuh ku anu karitu.

³¹ Tapi pentingkeun heula hal Karajaan Mantenna, sagala kaperluan maraneh mah tangtu ku Mantenna diurus."

³² "Maraneh anu ngan saeutik ulah salempang, sabab Rama maraneh sukaeun maparin berkah ka maraneh ti Karajaana-Na.

³³ Jualan bae babandaan mah kabeh, duitna sidekahkeun ka nu mariskin. Tuluy kudu boga pepeten anu awet, paranti nyimpen harta anu aya di sawarga. Eta harta moal aya sudana, moal bisa aya nu maling, jeung moal dihakan ku rinyuh.

³⁴ Sabab tibelatna hate teh ka tempat harta."

³⁵ (12: 35-36) "Sing caringcing pikeun nyanghareupan sagala hal, sing saged barangpake pikeun digawe, jeung lampu kudu terus hurung, lir upama gandek nu keur nungguan dunungan mulang ti nu hajat

kawinan. Sangkan ari dunungan datang keketrok, bisa buru-buru dipangmukakeun panto.

36 (12: 35)

37 Untung gandek-gandek anu ku dununganana kasampak nyararing jeung caringcing ngadago mulangna. Sing percaya: Dununganana bakal singkil jeung nitah supaya maranehna dariuk tuluy dilaladenan.

38 Kacida untungna lamun ku dununganana anu mulangna tengah peuting atawa janari, maranehna kasampak nyararing jeung caringcing.

39 Jeung ku maraneh tangtu kacipta, jelema anu geus nyahoeun yen imahna bakal kadatangan bangsat tangtu taki-taki, supaya imahna ulah kaasupan.

40 Nya kitu maraneh oge kudu caringcing ngadago pisumpingeunana Putra Manusa, sabab pisumpingeuna-Na teh dina waktu anu teu kasangka-sangka pisan."

41 Petrus unjukan, "Gusti, ieu piwulang teh keur abdi-abdi bae atanapi keur sadayana?"

42 Waler Gusti, "Cik gandek nu disebut gandek satia jeung bijaksana teh nu kumaha? Tangtu ku dununganana baris dipercaya ngurus rumah tanggana jeung ngurus dahar gandek-gandek lianna saban-saban geus waktuna.

⁴³ Untung eta gandek, lamun dununganana datang kasampak keur ngalakonan kawajibana.

⁴⁴ Sing percaya, ku dununganana bakal dipercaya ngurus sakabeh kakayaanana.

⁴⁵ Sabalikna, lamun eta gandek ngan dahar jeung nginum nepi ka mabok, tur bengis ka sasama nu bubujang jeung lalanjang dumeh pangrasana dununganana nyabana bakal lila,

⁴⁶ ana dununganana ngadadak datang teu kasangka-sangka, eta gandek tangtu bakal disiksa bebeakan, bagian jalma anu teu satuhu.

⁴⁷ Gandek anu nyaho kana kahayang dunungan tapi dirina teu sadia jeung henteu ngajalankeun kahayang dununganana, tangtu dirangket satakerna.

⁴⁸ Ari gandek anu teu ngarti mah kana karep dununganana, sanajan nepi ka kudu dirangket oge dirangketha moal sabaraha. Anu loba narimana, loba deui nu dipenta ti dirina; beuki gede narimana, beuki gede nu dipenta ti dirina."

⁴⁹ "Kami datang teh rek ngahuru ieu dunya, sarta hayang geura nenjo ngagedurna!

⁵⁰ Kami kudu nyorang hiji baptisan (nya eta kasangsaraan). Samemeh eta kasorang hate Kami kacida susahna!

⁵¹ Ceuk panyangka maraneh Kami datang teh dunya bakal runtut? Moal! Malah pabentar!

52 Ti ayeuna keneh ge ti lima anggota kulawarga bakal jadi dua bagian, nu tilu ngalawan dua, nu dua ngalawan tilu.

53 Bapa pabentar jeung anak lalaki, anak lalaki pabentar jeung bapa; indung pabentar jeung anak awewe, anak awewe pabentar jeung indung; mitoha awewe pabentar jeung minantu awewe, minantu awewe pabentar jeung mitoha awewe."

54 Ari ka nu loba, kieu pilahir Yesus, "Samangsa-mangsa maraneh nenjo aya mega unggah di kulon, geuwat ku maraneh ditaksir rek hujan; enya bae hujan.

55 Lamun angin karasa nebak ti kidul, ceuk maraneh hawa bakal panas; enya bae hawa panas.

56 Eh maraneh jelema pura-pura! Maraneh barisa neguh poe bakal hujan bakal panas ku nenjo bumi jeung langit, ku naon ari kana galagat jaman ayeuna maraneh teu ngahartikeun?"

57 "Ku naon maraneh sorangan teu nareangan jalan piluluseun?

58 Sapertina bae, lamun maraneh boga salah, diadukeun ka pangadilan. Meungpeung can ka pangadilan, coba sabisa-bisa lawan teh akuran, malak mandar aya hampurana mupus kasalahan maraneh. Sabab lamun henteu kitu tangtu jadi disered ka hakim, ku hakim diserenkeun ka pulisi tuluy digebluskeun ka jero panjara.

⁵⁹ Geus kitu mah tinggal ngerem di dinya nepi ka geus dibereskeun sagala-galana."

13¹ Harita aya anu arunjukan ka Yesus, nyaritakeun yen aya urang Galilea anu diparaehan ku Pilatus waktu keur ngalurban ka Allah.

² Waler Yesus, "Dumeh eta urang Galilea kitu diparaehanana, ku maraneh dikira leuwih beurat dosana ti batan urang Galilea sejenna?

³ Lain kitu! Kami ngingetan, maraneh oge lamun henteu tarobat mah bakal paraeh cara kitu.

⁴ Kumaha ari jelema-jelema anu dalapan welas urang, anu tariwas lantaran katinggang munara rubuh di Siloam? Rek dikira nandakeun dosa maranehna leuwih gede ti batan dosa-dosa urang Yerusalem lianna?

⁵ Sama sakali lain kitu! Kami ngingetan, maraneh oge lamun henteu tarobat mah bakal paraeh kawas kitu."

⁶ Geus kitu Yesus nyarioskeun ieu misil, "Aya hiji jelema, boga hiji tangkal kondang di kebon anggurna, tuluy diilikan sugar aya buahna, tapi teu manggih.

⁷ Tuluy ngomong ka tukang kebonna, Tenjo, geus tilu usum ieu tangkal kondang ku kami diilikan buahna, teu manggih hiji-hiji acan. Tuar! Ngan nyeuseupan taneuh bae.

⁸ Sawios heula Juragan sataun deui mah, tembal tukang kebonna, bade dikali sakurilingna dipasihan berak.

⁹Upami taun payun buahan atuh langkung sae, upami angger teu buahan, mangga tuar."

¹⁰Dina hiji poe Sabat Yesus ngawulang di hiji imah ibadah.

¹¹Di dinya aya hiji awewe anu gering ngareunggeuy geus dalapan welas taun lantaran diranjinjan ku roh jahat; awakna mani bengkung teu bisa lempeng saeutik-eutik acan.

¹²Ku Yesus ditingalian sarta saur-Na, "Geus cageur panyakit teh, Ibu!"

¹³Awakna ku Anjeunna tuluy dirampa. Eta awewe ngalempengkeun awakna, harita keneh cageur, lempeng ajeg sabiasa, pok bae muji ka Allah.

¹⁴Nenjo Yesus nyageurkeun dina poe Sabat, kapala imah ibadah teh ambekeun tuluy ngomong ka nu loba, pokna, "Aya genep poe pikeun digawe teh. Rek marenta dicageurkeun mah kudu dina poe-poe eta, ulah dina poe Sabat!"

¹⁵Ku Gusti diwaler, "Anjeun munapek! Geuning dina poe Sabat oge jelema-jelema sok ngalaleupaskeun cangcangan sapina atawa kaldena ti jero kandang, tuluy digiring rek diinuman.

¹⁶Ari ieu, awewe turunan Ibrahim, geus dalapan welas taun dibakutet ku Iblis, naha make teu meunang dibebaskeun pedah dina poe Sabat?"

¹⁷ Diwaler kitu lawan-lawan Yesus kacida areraeunana. Nu sejen-sejenna mah narenjo damel Yesus anu sakitu ajaibna teh kacida sarukaeunana.

¹⁸ "Karajaan Allah teh bisa diibaratkeun naon?" Yesus mariksa. "Naon nu bisa dipake ibaratna?

¹⁹ Ibarat siki sasawi, ku jelema dipelakkeun di kebonna, tuluy jadi tangkal, manuk-manuk nyarieun sayang dina dahan-dahanna."

²⁰ "Kana naon deui Karajaan Allah teh bisa dimisilkeunana?" Yesus mariksa deui.

²¹ "Ibarat ragi, ku awewe dipurulukkeun jeung digalokeun kana adonan tipung tilu puluh genep liter, adonanana beukah kabeh."

²² Yesus angkat mapay kota-kota jeung desa-desa, ngawulang ka jelema-jelema, maksad-Na rek terus ka Yerusalem.

²³ Aya anu arunjukan ka Anjeunna, pokna, "Juragan, leres anu baris saralamet teh mung saeutik?" Waler Yesus,

²⁴ "Maraneh kudu sateka-teka asup liwat panto anu kacida sempitna; sabab anu harayangeun asup mah loba, tapi henteu barisaeun.

²⁵ Nu boga eta imah hudang nulakan eta panto. Ana maraneh ka dinya jeung keketrok ti luar bari ngalengis, Juragan, pangmukakeun! bakal diwaler kieu, Kami teu nyaho maneh anu ti mana!

²⁶ Ari ceuk maraneh, Abdi-abdi kantos neda, nginum, sasarengan sareng Juragan. Juragan kantos ngawulang di desa abdi-abdi!

²⁷ Tapi saur nu boga eta imah, Kami teu nyaho maraneh anu ti mana. Ka daritu nyingkah, jelema-jelema jahat!

²⁸ Maraneh tinggal tinggarerung nepi ka tikekereket, narenjo Ibrahim, Ishak, Yakub, jeung nabi-nabi geus araya di jero Karajaan Allah, ari maraneh diusir teu meunang arasup.

²⁹ Jelema-jelema sejen mah nu ti wetan nu ti kulon, nu ti kaler nu ti kidul, daratang ka Karajaan Allah marilu ngariung pesta.

³⁰ Kitu jadina, nu ayeuna kapandeurian engke bakal ti hareula, nu ayeuna geus ti hareula bakal kapandeurian."

³¹ Geus kitu harita aya sawatara urang Parisi anu ngaromong kieu ka Yesus, "Anjeun kudu geuwat kaluar ti daerah ieu ka mana bae, sabab rek dipaehan ku Herodes."

³² Waler Yesus, "Bejakeun ka eta ajag, Kaula poe ieu jeung isukan masih keneh ngusir roh-roh jahat jeung nyageur-nyageurkeun nu garering, sarta dina poe nu katilu Kaula rek ngarengsekeun pagawean.

³³ Tapi poe ieu, isukan jeung pageto, Kami rek neruskeun ieu perjalanan, sabab teu hade nabi mah dipaehan di mana-mana lamun lain di Yerusalem.

³⁴ Yerusalem, Yerusalem! Maneh geus maehan nabi-nabi, maledogan utusan-utusan Allah ka maneh ku batu! Sering pisan Kami nyileuk hayang ngarangkul rahayat maneh cara hayam nyirekeman anak-anakna ku jangjangna, tapi maneh embung!

³⁵ Ku sabab kitu Bait Allah anu maneh bakal pada naringgalkeun. Inget, maneh moal nenjo-nenjo Kami deui, nepi ka datang mangsana maneh ngucapkeun kieu, Mugia diberkahan ku Allah anu sumping kalawan pajenengan Pangeran."

14 ¹Dina hiji poe Sabat Yesus tuang di imah salah sahiji urang Parisi anu kapandang. Anjeunna kacida pada ngarawaskeunana.

²Sabot kitu, aya jelema nyampeurkeun ka Anjeunna, suku jeung leungeunna barareuh.

³Yesus mariksa ka guru-guru agama jeung urang Parisi, saur-Na, "Kumaha Hukum Agama urang ngidinan nyageurkeun dina poe Sabat?"

⁴Maranehna teu ngajarawab. Ti dinya eta jelema teh ku Anjeunna dicepeng terus dicageurkeun, geus kitu dipiwarang indit.

⁵Anjeunna ngalahir ka maranehna, "Kumaha lamun anak atawa sapi aranjeun tigebrus ka jero sumur dina poe Sabat, moal waka buru-buru ditulungan?"

⁶Maranehna taya nu barisaeun ngajawab.

⁷ Ku Yesus katiten aya tamu-tamu anu paheula-heula nyokot tempat anu utama; pok ngalahir ka maranehna,

⁸ "Lamun diondang ka nu hajat kawinan, ulah ngadiukan korsi kahormatan. Boa teuing aya ondangan sejen anu harkatna leuwih ti batan aranjeun,

⁹ bisa kieu ceuk pribumi ka aranjeun, Ngalih, ieu mah haturan Juragan Anu. Tangtu kaisinan, tur kudu diuk di tempat pangtukangna.

¹⁰ Nu matak ari diondang teh mending milih tempat pangtukangna, sangkan ku pribumi diangkir, Sae ngalih ka ditu ka payun, langkung raos. Puguh bae matak naek darajat, kapandang ku tamu-tamu sejen.

¹¹ Sabab saha-saha anu ngaluhurkeun maneh tangtu dihandapkeun, jeung saha-saha anu ngahandapkeun maneh tangtu dijungjung luhur."

¹² Geus kitu Yesus ngalahir ka pribumi, "Lamun ngondang pesta dahar, beurang atawa peuting, ulah ngondang babaturan atawa duduluran atawa babarayaan atawa tatangga beunghar. Maranehna mah puguh bae bisa ngabales ngondang, jadi eta kahadean anjeun teh kabales.

¹³ Jadi ari pesta, nu kudu diarondang teh jelema-jelema anu mariskin, anu caracad, anu lalumpuh, anu lalolong;

¹⁴ geus tangtu eta kahadean anjeun teh jadi berkah ka anjeun, da nu karitu mah pimanaeun bisa ngabales kahadean anjeun. Nya Allah anu bakal ngabales eta kahadean anjeun teh, dina poean dihirupkeunana deui jelema-jelema anu harade hate."

¹⁵ Salah saurang ti nu dalahar di dinya, ngadenge Yesus nyarios kitu teh miatur ka Anjeunna, "Tada teuing bagjana dariuk dina pesta di Karajaan Allah!"

¹⁶ Waler Yesus, "Aya anu nyieun hajat gede, ngondangan rea pisan.

¹⁷ Sanggeus hajatna geus rek ngamimitian, nu rek hajat teh nitahan bujangna ngahaturanan para ondangan, Mangga sarumping, parantos sayagi.

¹⁸ Tapi nu diarondang teh patuturut marenta ditawakup. Ceuk nu kahiji ka bujang, Hampura bae, rek ngilikan kebon kakara beunang meuli.

¹⁹ Ceuk anu saurang deui, Hampura bae, rek nyoba sapi lima rikit kakara beunang meuli.

²⁰ Ceuk nu saurang deui, Teu bisa datang, kakara tas kawin.

²¹ Ku bujang teh ditepikeun ka dununganana yen kitu. Dununganana kacida ambekeunana, tuluy ngomong ka bujangna, Geuwat ka ditu neangan nu sejen ka jalan-jalan jeung gang-gang. Nu miskin, nu cacad, nu deog, nu lolong, sina daratang ka dieu.

²²Bujang geus datang deui, bebeja, Parantos, Juragan, nanging aya keneh tempat anu kosong.

²³Dununganana marentah deui, Neangan deui ka ditu ka jalan-jalan gede jeung simpangan-simpanganana, arajakan ka dieu, imah kami sina pinuh.

²⁴Keun jelema-jelema anu diarondang mah, saurang oge moal aya anu disina ngasaan susuguh pesta kami!"

²⁵Hiji mangsa anu naluturkeun ka Yesus kacida lobana. Anjeunna nyoreang tuluy ngalahir,

²⁶"Saha bae oge moal aya anu bisa jadi murid Kami, kajaba lamun leuwih beurat ka Kami ti batan ka bapana jeung ka indungna, ka pamajikanana jeung ka anak-anakna, ka dulurna nu lalaki nu awewe, jeung ka dirina sorangan oge.

²⁷Saha bae oge ari embung manggul salibna jeung nuturkeun Kami, moal bisa jadi murid Kami.

²⁸Upamana, ti maraneh aya anu boga maksud nyieun munara, tangtu diuk heula ngitung-ngitung piwaragadeunana, hayangeun nyaho naha duitna teh picukupeun atawa moal dipake nganggeuskeun pagaweanana.

²⁹Sabab lamun duitna teu cukup, munarana moal anggeus, semet bisa masangkeun

pademenna. Lamun nepi ka kitu tangtu pada nyaleungseurikeun jeung ngaromongkeun,

³⁰ Ieu jelema ngadegkeun teh ngan bisa ngamimitian teu bisa nganggeuskeun!

³¹ Upamana deui, hiji raja anu baladna sapuluh rebu, kaluar rek ngayonan raja sejen anu baladna dua puluh rebu. Eta raja tangtu ngijir heula pikuateun atawa moal lamun terus ngalawan.

³² Lamun geus kataksir moal kuat tangtu ngirim utusan ka raja lawan meungpeung lawanna jauh keneh, ngajak badami sangkan ulah jadi perang katut jeung menta sarat-saratna.

³³ Maraneh oge saperti kitu, lamun teu iklas ngorbankeun sagala rupa, moal aya anu bisa jadi murid Kami."

³⁴ "Uyah teh hade, tapi lamun upamana asinna leungit, taya jalan bisa asin deui.

³⁵ Kana taneuh matak teu hade, dijieu gemuk teu bisa, tinggal miceun. Pek darenge lamun baroga ceuli!"

15¹ Dina hiji poe loba tukang mulung pajeg jeung jelema-jelema nu dipandang teu hade ku masarakat daratang ngadarengekeun Yesus.

² Urang Parisi jeung guru-guru agama mimiti ngaromongkeun, pokna, "Eta Manehna, ku naon daek nampa jelema-jelema teu hade, malah daek dahar bareng!"

³Ku hal eta Yesus nyarioskeun ieu misil ka maranehna,

⁴"Upamakeun, aya anu boga domba saratus leungit hiji, cik rek kumaha nu bogana? Tangtu indit ka sampalan, ninggalkeun dombana anu salapan puluh salapan, neangan sahiji anu leungit nepi ka kapanggih.

⁵Sanggeus kapanggih kacida atoheunana, dombana nepi ka dipunggu dina tak takna

⁶dibawa balik. Geus kitu nyalukan babaturan jeung tatangga-tatanggana, tuluy nyarita, Kuring kacida atohna, domba kuring nu leungit geus kapanggih. Ayeuna hayu urang suka-suka!

⁷Nya kitu di sawarga oge, sing percaya, lamun aya jelema doraka saurang anu tobat, kacida matak bungahna, leuwih bungah ku eta anu saurang ti batan ku anu salapan puluh salapan anu geus balener jeung teu perlu tobat deui."

⁸"Atawa upamakeun, aya hiji awewe boga dinar sapuluh leungit hiji, cik rek kumaha? Imahna disapuan, didamaran, dinarna diteangan imeut ka ditu ka dieu nepi ka kapanggih.

⁹Geus kitu manehna nyalukan babaturan jeung tatangga-tatanggana tuluy nyarita, Kuring kacida bungahna, leungit dinar hiji kapanggih deui. Ayeuna hayu urang suka-suka!

¹⁰Sing percaya, nya kitu pisan lamun aya hiji jelema doraka anu tobat, para malaikat Allah kacida barungaheunana."

¹¹Pilahir Yesus deui, "Aya hiji jelema boga anak lalaki dua.

¹²Anu bungsu nyarita ka bapana, Bapa, harta bagian abdi teh bade disuhunkeun ayeuna bae. Bapana ngagugu, tuluy kakayaanana dibagikeun ka anak-anakna.

¹³Heuleut sawatara poe nu bungsu ngajualan warisan bagianana, duitna dibawa indit ka nagri anu jauh, dipake roroyalan sakarep-karep.

¹⁴Sanggeus duitna beak, eta nagri katarajang bahla kalaparan; hirupna si bungsu geus muluntu.

¹⁵Tuluy manehna buburuh ka hiji jalma urang dinya, dititah ka tegal ngajaga bagong.

¹⁶Manehna kacida lapareunana nepi ka kabita hayang ngeusian beuteung ku parab bagong, tapi teu aya anu mere dahareun naon-naon.

¹⁷Kakara manehna eling, hatena ngalengis, Di bapa mah dahareun kuli-kuli ge datang ka leuwih, ari aing di dieu nepi ka meh paeh kalaparan!

¹⁸Mending oge balik ka bapa, rek wakca: Bapa, abdi rumaos dosa ka Allah sareng ka Bapa.

¹⁹Parantos teu pantes diangken deui putra, jadikeun kuli bae abdi mah.

²⁰Sanggeus mikir kitu bral indit rek balik ka bapana. Jauh-jauh keneh bapana geus nenjoeun, hatena ngahelas liwat saking tuluy muru, gabrug ngarangkul jeung ngagalentoran.

²¹Bapa, ceuk anakna, abdi rumaos dosa ka Allah sareng ka Bapa. Parantos teu pantes diangken deui putra.

²²Tapi bapana anggur nyalukan bujang-bujangna. Geuwat! carekna. Bawa ka dieu pakean anu pangalusna, pakekeun ka ieu anak kami. Pakekeun ali kana ramona, tarumpahan sukuna.

²³Peuncit sapi anu panglintuhna, urang pesta suka-suka!

²⁴Sabab ieu anak kami anu geus paeh ayeuna hirup deui, leungit kapanggih deui. Ti dinya tuluy bae pesta.

²⁵Ari nu cikal harita keur di tegal. Dina waktu keur balik, sanggeus deukeut ka imah, ngadenge sora tatabeuhan jeung nenjo anu keur ngarigel.

²⁶Tuluy nyalukan bujang saurang, nanyakeun, Aya naon di imah?

²⁷Ceuk bujang, Tuang rayi sumping, ku tuang rama dipangmeuncitkeun sapi anu panglintuhna, reh putrana sumping deui kalayan teu kirang sawios-wios.

²⁸Si cikal ambek terus pundung embungeun ka imah. Ku bapana diteang terus dicombo, diolo sina balik.

²⁹Tapi tembalna ka bapana, Abdi baranggawe di Bapa parantos mangtaun-taun sapertos kuli bae, parentah Bapa teu aya anu dipungpang. Parantos kenging naon ti Bapa? Teu dipaparin embe-embe acan pikeun abdi sukan-sukan sareng babaturan.

³⁰Ari eta, putra Bapa anu nembe sumping tas ngawur-ngawur harta banda Bapa ka awewe balangor, ku Bapa mani dipangmeuncitkeun sapi anu panglintuhna!

³¹Walon bapana, Anaking! Ujang mah kapan salawasna oge jeung Bapa bae. Jeung deui banda Bapa nya banda hidep keneh.

³²Pantes lamun urang ayeuna sukan-sukan suka bungah, sabab adi ujang anu sasatna geus paeh ayeuna hirup deui, leungit datang deui."

16 ¹Yesus ngalahir ka murid-murid-Na, "Aya hiji jelema beunghar, boga hiji pagawe purah ngurus kakayaanana. Meunang pangaduan yen kakayaanana dipake awuntah ku eta pagawe.

²Tuluy pagawena teh dicalukan, dipariksa, Geuning maneh kitu bejana? Kadieuukeun kabeh catetan kakayaan kami anu diurus ku maneh sing lengkep, ulah diurus ku maneh deui.

³Eta pagawe ngomong sorangan, Aing tangtu dieureunkeun ku dunungan. Kumaha pipetaeun? Macul moal kuat, baramaen era.

⁴Tah aing boga akal! Arek nyieun pibatureun, sangkan ari aing geus teu boga gawe aya nu daekeun narima di imahna.

⁵Tuluy manehna nyalukan anu baroga hutang ka dununganana. Carekna ka nu datang pangheulana, Sabaraha hutang ka juragan?

⁶Jawabna, Minyak jetun saratus tong. Ceuk manehna, Tah diuk, tulis dina ieu surat hutang: lima puluh.

⁷Geus kitu nanya ka nu saurang deui, Sabaraha hutang teh? Jawabna, Tarigu sarebu karung. Ceuk eta pagawe, Tulis dina ieu surat hutang: dalapan ratus.

⁸Dununganana jadi muji kana kapinteran akalna eta pagawe anu teu jujur teh; kawantu jelema-jelema anu kapangaruhan ku dunya mah ngatur urusanana teh memang leuwih pinter ti batan jelema-jelema anu hirupna satuhu."

⁹"Ku sabab kitu," saur Yesus deui, "harta banda sipat lahir teh pake nyieun pibatureun, supaya samangsa-mangsa harta geus teu bisa deui nulung, maraneh bisa ditarima di tempat anu sipatna langgeng.

¹⁰Jelema anu satia dina urusan-urusan leutik, bakal satia dina urusan-urusan gede; jelema anu teu jujur dina urusan-urusan leutik, moal jujur dina urusan-urusan gede.

¹¹Jadi, lamun maraneh geus teu jujur ngurus harta banda sipat lahir, kumaha rek

bisa dipercaya ngurus harta sajati anu sipatna rohani?

¹² Lamun maraneh teu jujur kana barang batur, barang milik maraneh sorangan oge saha anu rek daekeun nyerenkeun ka maraneh?

¹³ Moal aya jelema anu bisa ngawula ka dua dunungan, sabab ka nu saurang bakal geuleuh, ka nu saurang deui bakal nyaah; ka nu saurang bakal satia ka nu saurang deui bakal nyabodokeun. Moal bisa maraneh ngawula ka Allah ongkoh, ngawula kana duit ongkoh."

¹⁴ Barang urang Parisi ngadarenge pilahir Yesus kitu tuluy nyeungseurikeun, kawantu maranehna mah jelema-jelema piduit wungkul.

¹⁵ Yesus ngalahir ka maranehna, "Aranjeun teh katembongna ku batur mah jelema-jelema bener. Tapi Allah mah tingalieun kana eusi hate aranjeun. Anu matak, anu ku jelema dianggap luhur teh di payuneun Allah mah taya hargana.

¹⁶ Hukum Musa jeung tulisan-tulisan kasauran nabi-nabi teh lakuna nepi ka semet jaman Yohanes Jurubaptis. Ti semet harita terus nyebar Injil Kasalametan hal Karajaan Allah, jalma-jalma maraksa harayang asup jadi umat-Na.

¹⁷ Tapi leuwih gampang musna langit jeung bumi, ti batan ngabatalkeun sanajan bagian pangleutikna tina Hukum Allah.

¹⁸ Lalaki anu nyerahkeun pamajikanana tuluy kawin ka awewe sejen, eta lalaki teh jinah; kitu deui lalaki anu ngawin awewe anu geus diserahkeun, eta oge lalaki teh jinah."

¹⁹"Aya hiji jelema beunghar, papakeanana bangsa anu pangmarahalna, saban poe hirupna royal.

²⁰Aya deui hiji jelema, ieu mah miskin, ngaranna Lasarus, awakna pinuh ku borok, sok diuk gigireun panto jelema beunghar tea.

²¹ bari ngarep-ngarep aya sesemplekan roti anu murag tina meja makanna, jang ngeusi beuteungna nu lapar. Borokna dilalekatan ku anjing.

²²Ki miskin teh maot, ku para malaikat tuluy dibawa ka Ibrahim, dipernahkeun gedengeunana, tempat utama. Nu beunghar tea ge maot, dikubur.

²³Satengahing keur ngararasakeun kanyeri anu pohara di dunyana anu paraeh, manehna tanggah, beh ti kajauhan nenjo Ibrahim, jeung Lasarus anu diuk digedengeunana.

²⁴Tuluy manehna gegeroan, Ama Ibrahim! Sing hawatos ka abdi, Lasarus sina ka dieu, sina nyelupkeun ramona saeutik kana cai keur ngabaseuhan letah abdi supados rada tiis. Abdi teu tahan dina ieu seuneu, liwat saking nyerina.

²⁵ Waler Ibrahim, Iah anaking, sing inget, hidep mah waktu keur hirup keneh geus meunang anu aralus, ari Lasarus mah anu garoreng. Ayeuna Lasarus kari senangna di dieu, hidep kari sangsarana di dinya.

²⁶ Jeung deui ti dieu ka dinya teh aya jungkrang jero pisan, mustahil beunang dipeuntasan; nu ti dieu moal bisa ka dinya, nu ti dinya moal bisa ka dieu.

²⁷ Walon nu beunghar, Ama, upami kitu mah atuh Lasarus piwarang ka rorompok pun bapa bae,

²⁸ reh abdi gaduh dulur limaan, sina dipepelinan supados maranehna mah ulah dugi ka tigebrus ka ieu tempat siksaan.

²⁹ Waler Ibrahim, Maranehna geus mareunang pepeling tina Kitab Musa jeung Nabi-nabi, keun sina nurutkeun pepeling tina eta kitab-kitab.

³⁰ Walonna deui, Ku eta wungkul mah henteu cekap, Ama Ibrahim! Upami didongkapan ku anu hirup deui tinu maot mah tangtos maranehna tarobat.

³¹ Tapi waler Ibrahim, Ari geus teu narurut kana pepeling Musa jeung nabi-nabi mah, masih didatangan ku nu geus paeh oge moal ngagugu."

17 ¹ Yesus ngalahir ka murid-murid-Na,
"Hal-hal anu ngalantararankeun
jelema-jelema jadi dosa teh tangtu aya bae.

Tapi jelemana anu ngalantaraneun batur jadi dosa bakal cilaka kabina-bina.

²Leuwih hade beuheungna dibangbaluhan ku batu tuluy alungkeun ka laut, ti batan matak nyasarkeun ka salah saurang ti ieu kaom anu lemah.

³Ku sabab kitu maraneh sing ati-ati kana pilampaheun! Lamun aya dulur migawe dosa kudu dielingan, lamun tobat kudu dihampura.

⁴Upama ngadosana ka maraneh tujuh kali dina sapoe, sarta saban tas kitu terus datang nyebutkeun, Kuring menta hampura, kudu dihampura."

⁵Rasul-rasul mihatur ka Yesus, "Gusti, kiatkeun kapercayaan abdi-abdi."

⁶Waler Gusti, "Lamun maraneh boga kapercayaan sagede siki sasawi bae, maraneh bisa nitah ieu tangkal bebesaran, Geura nyabut maneh katut akar, tuluy melak maneh di laut! tangtu eta parentah diturut."

⁷"Upama maraneh boga badega anu keur ngawuluku di sawah atawa keur ngangon domba. Sanggeus datang ti tegal, naha rek disina buru-buru dahar?

⁸Tangtu moal! Malah diparentah deui, Sadiakeun dahareun kami! Salin heula terus tungguan kami dahar nginum, kakara maneh meunang dahar!

⁹Badega mah teu kudu dinuhunkeun pedah nurut kana parentah, lain?

¹⁰ Maraneh oge, ari ngalakonan parentah teh kudu ngarumasakeun kieu, Kuring mah badega biasa, digawe teh ngalakonan kawajiban."

¹¹ Yesus angkatna ka Yerusalem teh mapay tapel wates Samaria jeung Galilea.

¹² Barang lebet ka hiji kampung kapapag ku sapuluh jelema lepra. Eta jelema-jelema ngararandeg ti kajauhan, tuluy sasambat,

¹³"Nun Yesus! Juragan! Sing hawatos ka abdi-abdi!"

¹⁴ Yesus ningali ka maranehna, tuluy ngawaler, "Ka ditu ka imam-imam, menta dipariksa awak." Sabot maranehna di jalan keneh leprana geus calageur.

¹⁵ Anu saurang, nyaho geus cageur teh balik deui jeung muji ka Allah tarik pisan,

¹⁶ terus nyuuuh ka Yesus jeung ngahaturkeun nuhun. Eta jelema teh urang Samaria.

¹⁷ Saur Yesus, "Mana nu salapan urang deui? Lain sapuluh urang anu calageur teh?

¹⁸ Naha ngan ieu saurang, urang asing, anu ka dieu deui jeung muji ka Allah?"

¹⁹ Geus kitu ngalahir ka eta jelema, "Geura cengkat. Jig geura balik. Maneh geus cageur, lantaran percaya."

²⁰ Sawatara urang Parisi nanyakeun ka Yesus hal Karajaan Allah iraha baris ngadegna. Waler Yesus, "Ngadegna Karajaan Allah lain hal anu bisa katenjo.

²¹ Moal aya anu bisa nuduhkeun, Di dieu!, atawa, Tuh di ditu!, sabab ngadegna teh di jero diri masing-masing."

²² Saur-Na deui ka murid-murid, "Engke maraneh aya waktuna harayang bisa nenjo salah sahiji poe tina poe-poe Putra Manusa, tapi moal bisa.

²³ Engke jelema-jelema bakal ngaromong ka maraneh, Tuh di ditu! atawa, Ieu di dieu! Kade, ulah digugu, ulah kaluar pikeun neangan.

²⁴ Sabab kaayaan Putra Manusa teh lamun geus nitih kana poena mah lir sakumaha kilat ngaburinyay ti tungtung langit ka tungtung langit.

²⁵ Ngan dina samemehna, Anjeunna kudu sangsara heula, tur ditampik ku jelema-jelema jaman kiwari.

²⁶ Poe dinyatakeunana Putra Manusa teh kaayaanana kawas kaayaan jaman Enoh.

²⁷ Jelema-jelema harita gawena ngan dahar, nginum, kawin, nepi ka poean Enoh asup kana kapal; caah datang, jelema-jelema kabeh dibasmi.

²⁸ Jeung kawas kaayaan dina jaman Elut: Jelema-jelema gawena ngan dahar, nginum, jual beuli, pepelakan, jeung nyarieun imah.

²⁹ Tapi sanggeus Elut kaluar ti Sadumu, tuluy turun hujan seuneu jeung walirang ti langit, ngabasmi urang Sadumu.

³⁰ Nya kawas kitu engke jadina dina poean dinyatakeunana Putra Manusa teh.

³¹ Dina poe eta, jelema anu keur aya di suhunan imah, ulah turun nyokotan heula babandaan ka jero imah; nya kitu keneh anu keur aya di tegal ulah balik heula ka imah.

³² Sing inget, kumaha jadina pamajikan Elut!

³³ Sing saha anu nyoba nyalametkeun hirupna, hirupna bakal leungit; tapi sing saha anu kaleungitan hirupna bakal dirahayukeun.

³⁴ Sing percaya, dina peuting eta dua jelema anu keur sare saranjang, nu saurang bakal dicokot, nu saurang ditinggalkeun.

³⁵ Dua awewe nu keur ngagiling gandum, saurang bakal dicokot, saurang ditinggalkeun.

³⁶ [Dua jelema nu keur digarawe di kebon, nu saurang bakal dicandak, nu saurang deui ditinggalkeun.]"

³⁷ Murid-murid nararos ka Anjeunna, "Di mana bakal kajadian kitu teh, Gusti?" Waler Yesus, "Di mana aya bangke, di dinya kumpulna manuk bangke."

18¹ Geus kitu Yesus nyarioskeun ieu misil ka murid-murid, pikeun ngajar supaya maranehna salawasna rajin neneda jeung ulah leutik hate.

²Kieu saur-Na, "Di hiji kota aya hiji hakim anu teu sieuneun ku Allah jeung teu padulian ka batur.

³Di kota eta keneh aya hiji randa anu ngan pulang-anting bae ka eta hakim, menta

dibelaan perkara, pokna, Tulungan abdi
mayunan lawan!

⁴Lila eta hakim teh embungeun ngadenge
pamentana, tapi tungtungna ceuk hatena,
Najan aing teu sieun ku Allah jeung teu
padulian ka batur ge,

⁵tapi ku sabab ieu randa kacida
ngagangguna, keun ku aing rek dibela, sabab
lamun henteu manehna bakal datang deui,
datang deui, musingkeun aing!"

⁶Saur-Na deui, "Tengetan omongan eta
hakim anu teu bener teh!

⁷Ku sabab kitu, naha enya Allah moal
kersaeun ngabelaan ka umat-Na ku mantan
anu beurang peuting nyambat pitulung-Na?
Naha enya bakal talangke nulungan ka
umat-Na?

⁸Sing percaya: Mantenna bakal gancang
ngabela perkara maranehna. Tapi engke dina
waktu Putra Manusa sumping, naha bakal
mendak jelema anu percaya di ieu bumi?"

⁹Yesus nyarioskeun deui ieu misil, pikeun
jelema-jelema anu ngarasa dirina sorangan
jelema hade, ari ka nu lian ngahandapkeun.

¹⁰Kieu misil-Na: "Hiji mangsa aya dua
jelema arindit ka Bait Allah rek neneda; nu
saurang urang Parisi, nu saurang deui tukang
mulung pajeg.

¹¹Urang Parisi nangtungna misah, nenedana
kieu, Nun Allah, sim kuring muji sukur ka
Anjeun, dumeh sim kuring henteu sami

sareng jalmi sanes, anu sararakah, anu teu jalujur, anu sok jarinah. Sim kuring muji sukur lantaran henteu sapertos itu, tukang mulung pajeg.

¹²Sim kuring mah sok puasa saminggu dua kali, sareng sok nyanggakeun perpuluhan tina sagala pangasilan sim kuring.

¹³Ari tukang mulung pajeg nangtungna di nu jauh, jeung nenedana mani ngeluk teu wani tanggah, bari ngusap-ngusap dadana. Kieu nenedana, Nun Allah, sim abdi nyuhunkeun piwelas, rumaos jalmi doraka!

¹⁴Sing percaya," saur Yesus, "waktu maranehna balik ka imah, anu bakal dibenerkeun ku Allah teh tukang mulung pajeg, lain urang Parisi. Sabab saha-saha anu ngagulkeun diri sorangan bakal dikahandapkeun, saha-saha anu ngahandapkeun diri sorangan bakal dijungjung."

¹⁵Aya anu daratang marawa anakna anu laleutik keneh ka Yesus, supaya ku Anjeunna dicabak. Ku murid-murid dicarekan teu meunang karitu.

¹⁶Tapi barudak teh ku Yesus disalaur. "Ingkeun ieu barudak teh sina ka Kami," saur-Na, "ulah dihalang-halang. Sabab nya jelema anu hatena kawas ieu barudak anu bakal jadi umat Karajaan Allah teh.

¹⁷ Saha-saha anu hatena henteu cara hate barudak leutik, moal bisa jadi umat Karajaan Allah."

¹⁸ Aya hiji pamingpin urang Yahudi naros ka Yesus, "Pa Guru nu sae manah, sim kuring teh kedah kumaha supaya tiasa nampi hirup anu langgeng?"

¹⁹ Waler Yesus, "Ku naon Kami disebut hade hate? Anu sae manah mah teu aya deui ngan Allah.

²⁰ Anjeun terang kana timbalan-timbalan anu kieu: Maneh ulah jinah; maneh ulah maehan; maneh ulah maling; maneh ulah nuduh teu karana nyata; sing hormat ka bapa jeung ka indung."

²¹ Jawabna, "Sumuhun, eta parantos dilakonan ti ngongora."

²² Lahiran Yesus, "Aya saperkara deui anu kudu dilakonan. Jualan kabeh babandaan, duitna sidekahkeun ka nu mariskin, supaya meunangkeun harta anu di sawarga, tuluy ka dieu anut ka Kami."

²³ Dilahiran kitu eta jelema mani ngaheruk, kawantu kacida beungharna.

²⁴ Ningali kanalangsaan manehna Yesus ngalahir, "Kacida banggana jelema beunghar asup ka Karajaan Allah teh!

²⁵ Babari keneh onta moncor kana liang jarum ti batan nu beunghar asup ka Karajaan Allah."

²⁶ Ngadarenge saur-Na kitu jelema-jelema naranya, "Upami kitu, atuh saha nu pisalameteun?"

²⁷ Waler Yesus, "Perkara anu mustahil di jelema, Allah mah iasaeun bae."

²⁸ Piunjuk Petrus, "Tingali! Abdi-abdi parantos ngantunkeun saniskanten, ngiring ka Bapa."

²⁹ "Bener," waler Yesus. "Jeung sing percaya, saha-saha anu iklas ninggalkeun imahna atawa pamajikanana, atawa dulur-dulurna, atawa indung bapana atawa anak-anakna tina sabab Karajaan Allah,

³⁰ bakal nampa sababaraha patikelaneun di jaman ayeuna, jeung bakal hirup langgeng di jaman engke."

³¹ Murid-murid ku Yesus dicandak nyisi, sarta Anjeunna tuluy ngalahir ka maranehna, "Darengekeun! Ayeuna urang keur ka Yerusalem. Di ditu, naon-naon anu geus ditulis ku nabi-nabi tina hal Putra Manusia bakal kajadian.

³² Anjeunna bakal diserenkeun ka bangsa anu anutna lain ka Allah, pada moyok, pada ngahinakeun, jeung pada nyiduhan,

³³ tuluy dirangket, tungtungna dipaahan. Tapi sanggeus tilu poe ti semet eta bakal hirup deui."

³⁴ Tapi murid-murid-Na teu ngalartieun naon-naon kana hal eta, maranehanana

paroekeun, pilahir Yesus teh henteu kajudi maksudna.

³⁵ Sanggeus Yesus meh sumping ka kota Yerih, aya nu lolong keur diuk musapir di sisi jalan.

³⁶ Ngadenge loba jelema ngaliwat manehna nanyakeun, "Aya naon?"

³⁷ Dijawab, "Yesus urang Nasaret keur ngalangkung."

³⁸ Gero manehna sasambat, "Nun Yesus, Putra Daud, sing hawatos ka abdi!"

³⁹ Ku anu laleumpang panghareupna dicarek, dititah repeh, tapi sasambatna leuwih tarik, "Nun Putra Daud! Masing hawatos ka abdi!"

⁴⁰ Yesus ngarandeg, nu lolong teh dipiwarang dicandak ka Anjeunna. Sanggeus aya di payuneuna-Na ku Anjeunna dipariksa,

⁴¹ "Hayang dikumahakeun ku Kami teh?" Jawabna, "Juragan, abdi teh hayang tiasa ningal deui."

⁴² Saur Yesus, "Heug, sing bisa nenjo deui! Maneh geus cageur lantaran percaya."

⁴³ Sapada harita keneh ge bisaeun nenjo, terus ngiring ka Yesus bari muji ka Allah. Jelema rea nu harita nyarakshan oge tuluy maruji ka Allah.

19¹ Yesus lebet ka kota Yerih, sarta angkat-Na terus ngalangkungan eta kota.

² Di dinya aya hiji kapala tukang mulung pajeg, ngaranna Sakeus, jelema beunghar.

³ Manehna ihtar hayangeun nenjo saha Yesus teh. Tapi ku sabab kahalangan ku jalma loba tur awakna pendek, ihtiarna teu hasil.

⁴ Tuluy lumpat miheulaan jalma loba, terekel naek kana hiji tangkal rek megat Yesus anu baris ngalangkung ka dinya.

⁵ Sumping ka lebah dinya Yesus tanggah sarta ngalahir, "Sakeus, geuwat turun! Poe ieu Kami rek nganjang ka maneh."

⁶ Sakeus turun tuturubun, tuluy ngamanggakeun ka Yesus bangun kacida atoheunana.

⁷ Tapi jelema-jelema jadi gegelendeng, pokna, "Kumaha Anjeunna teh? Bet kersa calik ka jelema anu doraka kitu!"

⁸ Sakeus unjukan ka Yesus, nangtung ajeg, "Juragan, harta banda abdi satengahna bade dihajatkeun ka nu mariskin. Sareng upami harta abdi aya anu kenging nипу, bade dipulangkeun opat kalieun."

⁹ Pilahir Yesus, "Poe ieu, ieu imah geus didatangan ku kasalametan, sabab ieu jelema teh turunan Ibrahim keneh.

¹⁰ Putra Manusa pang sumping teh rek neangan jeung nyalametkeun jelema nu leungit."

¹¹ Sabot jalma-jalma ngabarandungan keneh, Yesus terus nyarioskeun hiji misil. Harita Anjeunna geus deukeut pisan ka Yerusalem, sarta jalma-jalma nyarangka yen Karajaan Allah geus tereh ngawujud.

¹²Ku sabab kitu, kieu saur-Na, "Aya hiji jalma bangsawan, angkat ka hiji nagri jauh arek diangkat dijenengkeun raja, sarta sabadana seja mulih deui.

¹³Memeh angkat, anjeunna ngumpulkeun sapuluh gandekna tuluy dititipan duit masing-masing sagebleg uang emas. Saurna, Golangkeun ku maraneh sabot kami indit.

¹⁴Tapi urang dinya teu raresepeun ka anjeunna. Ku sabab kitu sanggeus anjeunna angkat, maranehna ngirim utusan nepikeun piunjuk, Sim kuring sadaya teu suka dirajaan ku anjeunna!

¹⁵Tapi eta bangsawan teh jadi dijenengkeunana raja, tuluy mulih. Geuwat nimbalan supaya gandek-gandek anu dititipan duit teh ngadareuheus, hoyongeun uninga kauntungan masing-masing.

¹⁶Piunjuk nu ngadeuheus pangheulana, Juragan, tina artos emas Juragan anu sagebleg teh kenging untung sapuluh artos emas.

¹⁷Alus, walerna, maneh gandek anu hade gawe! Ku sabab maneh gumati ka nu saeutik, ku kami rek dibere nyekel sapuluh kota.

¹⁸Ngadeuheus anu kadua, unjukan, Juragan, tina artos emas Juragan anu sagebleg teh kenging untung lima artos emas.

¹⁹Walerna ka nu ieu, Maneh rek dibere nyekel lima kota.

²⁰ Ari gandek nu saurang deui kieu unjukanana, Juragan, artos kagungan teh ieu, ku abdi dibungkus ku saputangan.

²¹ Abdi sieun, reh terang Juragan bengis, sareng sok nyandak sanes kagungan ku anjeun, ngala sanes pelak ku anjeun.

²² Walerna, Gandek goreng hate! Saomong maneh bieu ku kami rek dipake ngahukum ka maneh! Ceuk maneh kami jelema bengis, sok nyokot anu batur, sok ngala pepelakan batur.

²³ Nyaho kitu ku naon duit kami ku maneh teu digolangkeun, supaya ari kami datang eta duit katarima deui jeung batina?

²⁴ Raja ngalahir ka nu araya di dinya, saurna, Cokot duit kami ti eta jelema, bikeun ka gandek anu meunang sapuluh uang emas.

²⁵ Jawab anu diparentah, Juragan, manehna parantos gaduh sapuluh uang emas.

²⁶ Waler raja, Sing nyaraho, nu geus boga bakal dibere deui, sabalikna nu can boga, naon nu aya di manehna keur saeutik teh bakal dicokot pisan.

²⁷ Ayeuna kari musuh-musuh kami, anu arembungeun dirajaan ku kami. Seredan ka dieu, paraahan hareupeun kami!"

²⁸ Sanggeus sasauran kitu, Yesus ngalajengkeun angkat-Na ka Yerusalem, angkat-Na di payun.

²⁹ Deukeut kota Betpage jeung Betania, deukeut Gunung Jetun, Anjeunna miwarangan dua murid,

³⁰saur-Na, "Terus ka ditu ka kampung beh hareup. Sasupna ka ditu maraneh bakal manggih anak kalde keur dicangcang, tacan kungsi aya anu numpakan. Buka talina terus bawa ka dieu.

³¹Lamun ditanya ku naon dileupaskeun, bejakeun yen diperlukeun ku Juragan."

³²Dua murid tuluy arindit, ti heula, enya bae manggih anak kalde sakumaha pilahir-Na.

³³Keur diudaran talina, nu bogana nanyakeun, "Ku naon eta kalde dileupaskeun?"

³⁴Dijawab, "Diperlukeun ku Juragan."

³⁵Kalde disanggakeun ka Yesus, geus ditilaman ku jubah maranehanana. Yesus dibarantuan nitih kana kalde.

³⁶Sanggeus Yesus majeng, jalma-jalma ngalamparkeun papakeanana di jalan.

³⁷Di pupudunan Gunung Jetun, geus deukeut ka Yerusalem, jelema-jelema nu ngariringkeun mimiti surak ngamulyakeun jeung nganuhunkeun ka Allah lantaran geus dipareng narenjo sagala perkara anu aragung.

³⁸Pokna, "Mugia diberkahan, Raja anu sumping kalayan pajenengan Pangeran! Kerta di sawarga, mulyakeun Allah!"

³⁹Urang Parisi anu araya campur jeung nu loba miatur ka Yesus, "Guru, repehkeun eta para panganut Guru teh!"

⁴⁰ Waler Yesus, "Lamun maranehna repeh, sing percaya, batu-batu anu bakal surak."

⁴¹ Anjeunna beuki deukeut ka Yerusalem. Sanggeus eta kota katingalieun, Anjeunna ngalimba,

⁴² saur-Na, "Tada teuing hadena upama heug maneh poe ieu nyaho ka nu rek ngadatangkeun kakertaan. Hanjakal eta ku maneh ayeuna henteu katenjo!"

⁴³ Maneh bakal nyorang mangsa dikepung ku musuh, sakurilingna rekep dijaga dipegatan ku panghalang, didesek ti unggal juru.

⁴⁴ Maneh jeung sakumna rahayat di jeroeun kuta tangtu lebur ku musuh; kabeh adegan batuna geus moal aya hiji-hiji acan anu nyusun sakumaha tadina, lantaran waktu Allah sumping nyandak pitulung ku maneh teu dipalire."

⁴⁵ Ti dinya Yesus lebet ka Bait Allah; padagang-padagang anu keur daragang di dinya diusiran,

⁴⁶ sarta saur-Na, "Geus ditulis dina Kitab Suci yen Allah ngandika, dawuhana-Na, Bait Kami bakal disarebut tempat paragi sembahyang. Ari ku maraneh geus dijieun sayang begal!"

⁴⁷ Saban poe Yesus ngawulang di Bait Allah. Imam-imam kapala, guru-guru agama, jeung para pamingpin urang Yahudi geus harayangeun maehan ka Anjeunna,

⁴⁸ ngan teu manggih jalan, lantaran jalma-jalma taronggoy bae ngadarengengeun ka Anjeunna semu anu parogot kana saucap-ucap kasaurana-Na.

20¹ Dina hiji poe, waktu Yesus ngawulang jeung nyarioskeun Injil Kasalametan ka jalma rea di Bait Allah, daratang imam-imam kapala, guru-guru agama, jeung para kokolot.

² Maranehna nanya kieu ka Anjeunna, "Naon hak Anjeun migawe kitu? Bejakeun, meunang hak kitu ti saha?"

³ Waler Yesus, "Kaula rek nanya heula. Sebutkeun,

⁴ ari hak Yohanes ngabaptis, ti Allah atawa ti manusa?"

⁵ Maranehna jadi patanya-tanya pada batur, "Kudu kumaha jawabna? Lamun dijawab, Ti Allah, tangtu ceuk Manehna, Ku naon aranjeun teu percaya ka Yohanes?

⁶ Tapi lamun dijawab, Ti manusa, tangtu urang pada maledogan ku batu ku jelema-jelema, sabab anggapan maranehna yakin Yohanes teh nabi."

⁷ Tungtungna ngajawabna teh, "Duka teuing ti mana!"

⁸ Waler Yesus ka maranehna, "Ari kitu mah Kaula oge moal ngabejakeun make hak naon Kaula ngalampahkeun kieu."

⁹ Geus kitu Anjeunna nyarioskeun ieu misil ka jalma loba, saur-Na, "Aya anu muka kebon

anggur, disewakeun ka sababaraha urang,
geus kitu tuluy nyaba ka nu jauh lila pisan.

¹⁰Sanggeus datang musim metik anggur,
nitah gandekna saurang ka nu nyarewa
kebonna, dititah narik bagianana. Tapi eta
gandek ku nu nyarewa teh ditareunggeulan,
tuluy sina balik lengoh.

¹¹Manehna nitah gandekna saurang deui;
tapi ieu ge ditareunggeulan jeung kacida
diwiwirangna, tuluy disina balik lengoh.

¹²Nu boga kebon anggur teh nitahan deui
gandek nu katilu, tapi nya kitu deui bae, pada
nareunggeulan nepi ka barohak, tuluy diusir.

¹³Ceuk nu boga kebon, Kumaha petana? Ah
rek nitah anak aing bae anu dipikanyaah, sina
ka ditu. Ka anak aing mah tangtu ngarajenan!

¹⁴Tapi barang nu nyarewa nyarahoeun
yen nu datang teh anak anu boga kebon,
tuluy sakait, pokna, Ieu mah anakna. Urang
paehan, supaya warisanana beunang ku
urang!

¹⁵Ti dinya anak nu boga kebon teh disered
ka luareun kebon, tuluy dipaehan. Cik, bakal
dikumahakeun eta anu nyarewa teh ku anu
boga kebon?" Yesus mariksa.

¹⁶"Nu boga kebon tangtu datang, eta
jelema-jelema tuluy diparaehan, kebon
anggurna tuluy disewakeun ka nu sejen." Ari
ceuk anu ngabarandungan eta misil, "Tangtu
pisan moal!"

¹⁷ Maranehna ku Yesus diteuteup, Anjeunna terus ngalahir, "Lamun kitu, naon maksudna ayat Kitab Suci anu kieu? Batu anu teu kapake ku tukang ngadegkeun, ngajadi batu pangutamana.

¹⁸ Jelema anu ragrag kana eta batu tangtu pasiksak, anu katinggang tangtu bubuk."

¹⁹ Guru-guru agama jeung imam-imam kapala geus harayang kerewek bae nangkep Yesus di dinya keneh, lantaran karasaeun pisan eta misil Anjeunna teh nyindiran maranehna. Tapi maranehna sarieuneun ku jelema rea.

²⁰ Tuluy nareangan jalan. Maranehna nyogok ka sawatara jelema, dititah pura-pura jadi jelema anu satemenna, sina nyual ka Yesus ngarah kalepatana-Na, supaya bisa diserenkeun ka Gubernur Rum anu kagungan wewenang jeung kawasa.

²¹ "Pa Guru," ceuk eta mata-mata ka Yesus, "sim kuring terang anu disaurkeun sareng diwulangkeun ku Pa Guru teh Ieres. Bapa ngawulangkeun hal pangersa Allah ka manusa teh kalayan terus terang, kawantos Bapa henteu pandang harkat jalmi.

²² Sim kuring hoyong terang ti Bapa perkawis mayar pajeg ka Prabu Rum, papalingpang sareng Hukum Agama urang atanapi henteu?"

²³ Tapi Yesus uningaeun pisan kana tipu daya maranehna, waler-Na,

24 "Cik tembongkeun duit perakan, gambar jeung jenengan saha ieu dina duit?"

Tembalna, "Gambar sareng jenengan Prabu."

25 "Lamun kitu," saur Yesus, "pulangkeun ka Prabu kagungan Prabu, pulangkeun ka Allah kagungan Allah."

26 Maranehna teu barisaeun nanaon deui ka Anjeunna, tipu dayana teu mental, mangkaning hareupeun jelema loba, semet baralem jeung ngaharuleng, heran ku waleran Anjeunna.

27 Aya sawatara urang Saduki, nya eta golongan anu nganggap yen nu geus maraot moal harudang deui. Maranehna nyual kieu ka Yesus,

28 "Pa Guru, Musa ngadamel parentah kieu pikeun urang: Lamun hiji salaki maot ninggalkeun pamajikan jeung teu boga anak, dulur eta lalaki kudu ngawin randa dulurna, supaya lamun boga anak diakukeun anak dulurna nu geus maot.

29 Bareto di urang aya tujuh lalaki padudulur. Nu pangkolotna kawin tuluy maot teu boga anak.

30 Urut bojona dikawin ku nu kadua,

31 tuluy ku nu katilu, kitu bae patuturut nepi ka maraot tujuhanana jeung teu baroga anak.

32 Ahirna awewena ge maot.

33 Kumaha dina poean hudangna deui anu maraot, eta awewe teh bojo anu mana, lantaran geus dikawin ku tujuhanana?"

³⁴ Waler Yesus, "Di jaman ieu mah lalaki jeung awewe teh karawin.

³⁵ Tapi jelema-jelema anu geus diharudangkeun deui tina maot mah hirupna dina jaman nu bakal datang teh moal karawin.

³⁶ Kaayaanana bakal saperti para malaikat, moal keuna ku paeh, jeung jaradi putra-putra Allah lantaran geus diharudangkeun deui tina maot.

³⁷ Musa ku anjeun geus netelakeun yen nu maraot teh bakal dihirupkeun deui. Hal eta tetela dina ayat anu nyaritakeun rungkun cucuk anu hurung tea. Pangeran ku anjeunna harita disebut Allahna Ibrahim, Allahna Ishak, jeung Allahna Yakub.

³⁸ Pangeran teh Allahna anu harirup, lain Allahna anu paraeh, sabab di Allah mah kabeh oge hirup."

³⁹ "Keuna eta jawaban teh, Pa Guru!" ceuk sawatara guru-guru agama.

⁴⁰ Sabab maranehna mah geus teu waranieun deui nyual naon-naon ka Anjeunna.

⁴¹ Yesus ngalahir ka maranehna, "Kumaha bisana Kristus disebutkeun turunan Daud?

⁴² Padahal Daud ku anjeun dina Kitab Jabur nyaurkeun kieu: Pangeran ngadawuh ka Gusti kaula: Calik di dieu, katuhueun Kami,

⁴³ nepi ka sakabeh musuh Hidep ku Kami dijadikeun jojodog suku Hidep.

⁴⁴ Daud nyebatna ka Kristus teh Gusti; ku sabab kitu, kumaha bisana jadi turunan anjeunna?"

⁴⁵ Waktu jalma-jalma ngabarandungan kasaurana-Na, Yesus ngalahir ka murid-murid,

⁴⁶ "Sing arati-ati maraneh ka guru-guru agama Yahudi. Karesep maranehna jalan-jalan marake jubah landung, harayang pada ngabageakeun jeung pada ngahormat di pasar-pasar. Di imah-imah ibadah dariukna dina korsi anu beunang ngahaja eukeurna, di nu hajat-hajat marilih tempat anu utama.

⁴⁷ Randa-randa rejekina dirampas, imahna dirampogan. Pikeun nutupan kajahatanana tuluy ngagorolang sembahyang dilila-lila! Beurat engke hukuman maranehna teh!"

21 ¹Di Bait Allah Yesus ningali
jelema-jelema anu baleunghar keur
ngarasupkeun duit kana kotak derma.

²Katingalieun oge aya hiji randa anu kacida miskinna, ngasupkeun duit tambaga dua gebleg.

³Anjeunna ngalahir, "Ceuk Kami, dermana eta randa miskin leuwih gede ti batan nu sejen.

⁴Sabab nu sejen mah dermana lantaran duitna leuwih, ari eta randa mah mikeun sakabeh balanja hirupna."

⁵Murid-murid Yesus sawareh keur
ngaromongkeun eta Bait Allah anu sakitu

endahna, dipapaes ku batu-batu perhiasan jeung barang-barang pangbakti ka Allah anu kacida aralusna. Yesus ngalahir,

⁶"Eta kabeh, anu ayeuna katarenjo ku maraneh, engke mah aya mangsana diruntuhkeun, nepi ka batu-batuna moal aya anu angger nyusun, kabeh bakal diburubutkeun kana taneuh."

⁷Murid-murid naranyakeun, "Iraha bakal kajadianana, Pa Guru? Sareng upami mangsana parantos dongkap bakal aya kajadian naon?"

⁸Waler Yesus, "Maraneh masing waspada, ulah beunang kasasabkeun. Loba jelema anu engke bakal make ngaran Kami, ngaku-ngaku, Ieu Kami, Anjeunna tea! jeung Nya ayeuna waktuna! Ulah digugu.

⁹Lamun maraneh ngadarenge peperangan jeung huru-hara, ulah reuwas-reuwas. Eta kabeh pasti bakal kajadian samemeh eta waktu datang, tapi eta lain tanda yen geus tereh panungtungan."

¹⁰Saur-Na deui, "Bakal aya jaman, bangsa ieu merangan bangsa itu, nagara ieu merangan nagara itu.

¹¹Bakal sering aya lini kacida galedena, bahla kalaparan, jeung pagebug di mana-mana, di langit bakal tembong galagat-galagat aneh jeung pikasieuneun.

¹²Tapi memeh eta kajadian, maraneh bakal ditangkep jeung dikaniaya, dipariksa

di imah-imah ibadah terus dipanjara,
dijagragkeun ka raja-raja jeung ka para
pangereh ku karana Kami.

¹³Tapi eta teh kasempetan pikeun maraneh
pikeun nguarkeun Injil Kasalametan ti Allah.

¹⁴Tekadkeun dina hate ti samemehna, yen
maraneh moal rek salempang ku piomongeun
pikeun ngabela diri,

¹⁵sabab ku Kami bakal dibere piomongeun
supaya maraneh perceka jeung bijaksana,
nepi ka omongan maraneh moal aya anu bisa
ngalawan atawa ngabantah.

¹⁶Maraneh bakal diserenkeun ku kolot
sorangan, ku dulur sorangan, ku baraya
sorangan, ku babaturan sorangan, malah
maraneh sawareh bakal diparaehan.

¹⁷Maraneh bakal pada mikageuleuh ku
karana Kami.

¹⁸Tapi maraneh najan buuk salambar oge
moal aya nu murag.

¹⁹Lamun maraneh tabah tangtu baris
rahayu."

²⁰"Lamun maraneh nenjo Yerusalem
dikepung ku musuh, maraneh kudu nyaraho
eta kota geus tereh rugrug.

²¹Jelema-jelema nu araya di Yudea kudu
kalabur ka pasir-pasir, nu araya di jero kota
kudu kalaluar ti kota, nu araya di pasision
ulah arasup ka kota.

²² Sabab eta teh galagat datangna Poe-poe Hukuman, ngalaksanakeun sakur anu geus kaungel dina Kitab Suci.

²³ Pikeun awewe-awewe anu harita keur kakandungan jeung anu keur nyarusuan orok, poe-poe eta teh kacida matak paurna! Ieu tanah bakal katarajang ku kasukeran anu kacida bangetna, jelema-jelemana bakal nandangan hukuman ti Allah.

²⁴ Aya anu diparaehan ku pedang, aya anu diboyong sarta dipanjara di nagri-nagri sejen. Yerusalem bakal diidek-idek ku jelema-jelema anu anutna lain ka Allah, nepi ka waktu pikeun maranehna anu ditangtukeun ku Pangeran beak."

²⁵ "Bakal tembong galagat-galagat aneh dina panonpoe, dina bulan, jeung dina bentang-bentang. Bangsa-bangsa di satonggong bumi pinuh ku kasieun jeung samar polah ku kaayaan laut anu ngamuk tingjalegur jeung caina naek.

²⁶ Jelema-jelema kalabur pangacianana awahing ku sieun ku anu bakal tumiba ka ieu bumi, sabab kakuatan-kakuatan langit genjlong, jalanna nyarimpang.

²⁷ Geus kitu breh Putra Manusa tembong, sumping dina mega, kacida kawasa-Na, kacida mulya-Na.

²⁸ Lamun hal-hal eta geus mimiti kajadian, ajegkeun awak, tanggahkeun sirah, sabab maraneh geus tereh disalametkeun."

²⁹ Geus kitu Anjeunna nyarioskeun ieu misil: "Tenget-tenget tangkal kondang atawa tatangkalan lianna.

³⁰ Lamun geus mimiti sarirungan, eta ciciren geus deukeut usum panas.

³¹ Kitu keneh lamun maraneh geus narenjo kajadian-kajadian tea, eta ciciren yen Karajaan Allah geus tereh ngadeg.

³² Maraneh perlu nyaraho, ieu sakabeh perkara bakal kajadian samemeh jelema-jelema anu ayeuna harirup paraeh kabeh.

³³ Langit jeung bumi bakal musna, tapi pangandika Kami mah moal datang ka musna."

³⁴ "Jaga diri! Ulah beuki teuing pepestaan jeung nginum-nginum atawa mikiran teuing kipayah, bisi ujug-ujug kagubed ku eta Poe,

³⁵ anu lir pangringkus. Sabab eta Poe teh bakal narajang ka sakumna manusa di sakuliah bumi.

³⁶ Kudu sayaga jeung ulah tinggal ti neneda, malar kuat nandangan kajadian-kajadianana, malar lulus nepi ka bisa ngadeuheus ka payuneun Putra Manusa."

³⁷ Yesus ngawulangna di Bait Allah teh saban pabeubeurang. Ari geus burit Anjeunna kaluar sarta ngawengi di Gunung Jetun.

³⁸ Unggal isuk jelema-jelema karumpul deui di Bait Allah rek ngadarengekeun piwulang-Na.

22¹ Pesta Roti Teu Diragian anu disebutna Paska, geus deukeut.

² Para imam kapala jeung guru-guru agama keur nareangan jalan sangkan bisa maehan Yesus, tapi hayangeun rerencepan lantaran sarieuneun ku jalma rea.

³ Ti dinya Iblis nyurup ka hiji murid anu ngaran Yudas Iskariot, nya eta salah sahiji murid ti nu dua welas tea.

⁴ Tuluy Yudas indit nepungan imam-imam kapala jeung kapala-kapala pangawal Bait Allah, nerangkeun akal hianatna rek nyerenkeun Yesus ka maranehna.

⁵ Maranehanana kacida aratoheunana, sarta jangji rek mere duit ka Yudas.

⁶ Yudas mupakat, tuluy neangan kasempetan rek nyerenkeun Yesus ka maranehanana bari ulah kanyahoan ku jalma rea.

⁷ Pesta Roti Teu Diragian tea geus mimiti; domba keur jamuan Paska kudu dipeuncit.

⁸ Yesus miwarangan Petrus jeung Yohanes pikeun nyayagikeun eta kaperluan, saur-Na, "Geura arindit ka kota nyadiakeun kaperluan dahar Paska."

⁹ "Kapalay Bapa disayagikeun di mana?" pihatur maranehna.

¹⁰ Waler-Na, "Engke, barang maraneh asup ka kota, bakal papanggih jeung jelema anu mawa wadah cai. Tuturkeun nepi ka manehna asup ka imahna.

¹¹ Kieu maraneh kudu ngomong ka nu boga imah, Pa Guru miwarang mariksakeun, saur-Na: Mana kamar pikeun Kami dahar Paska jeung murid-murid teh?

¹² Maraneh bakal dituduhan hiji kamar di loteng, lega jeung sagala paparabotanana geus sadia."

¹³ Maranehna tuluy arindit; sakur anu disaurkeun ku Yesus teh kapanggih, tuluy maranehna nyadiakeun tuangeun keur jamuan Paska.

¹⁴ Nepi kana waktu tuang, Yesus calik tuang jeung rasul-rasul-Na.

¹⁵ Anjeunna ngalahir, "Geus lila Kami hayang dahar Paska cara ayeuna bareng jeung maraneh teh, samemeh Kami dikaniaya.

¹⁶ Sabab sabalakana mah Kami moal ngadahar deui jamuan Paska, nepi ka mangsa harti tina ieu jamuan teh engke kabuka di Karajaan Allah."

¹⁷ Geus kitu Anjeunna nyandak hiji lumur anggur, muji sukur ka Allah, tuluy ngalahir, "Ieu tampanan, bagikeun.

¹⁸ Ari Kami ti semet ieu moal nginum deui ieu anggur nepi ka waktu ngadegna Karajaan Allah."

¹⁹ Geus kitu Yesus nyandak roti, sarta sanggeusna muji sukur ka Allah, rotina disemplekan tuluy dipasihkeun ka murid-murid dari lahir-Na, "Ieu teh badan Kami, nu

dipasrahkeun pikeun maraneh. Lalampahkeun cara kieu, pikeun pangeling-eling ka Kami."

²⁰Rengse tuang Anjeunna ngasongkeun lumur anggur ka maranehna cara tadi. Lahirana-Na, "Ieu lumur teh perjangjian Allah anu anyar anu disahkeun ku getih Kami anu dikucurkeun, pikeun kasalametan maraneh.

²¹Tapi, tenjo! Di dieu, sameja jeung Kami, aya jelema anu arek ngahianat ka Kami!

²²Putra Manusa teh memang geus dipastikeun ku Allah kudu pegat nyawa-Na, tapi cilaka temen engke eta jelema anu ngahianat ka Anjeunna!"

²³Murid-murid jadi silih tanya jeung batur, saha di antara maranehna anu bakal migawe kitu teh.

²⁴Murid-murid parebut omong, murid anu mana anu bisa dianggap pangpunjulna.

²⁵Yesus ngalahir, "Raja-raja bangsa anu anutna lain ka Allah mah ka rahayatna teh nindes, ari para pangereh marenta disebut Sobat Rahayat.

²⁶Maraneh mah ulah kitu; benerna, anu pangpunjulna di maraneh kudu saperti anu panghandapna, nu jadi pamingpin kudu saperti anu ngawula.

²⁷Cik iuhur mana harkatna, anu diuk dahar dilaladenan atawa anu ngalaladenanana? Tangtu anu dilaladenan. Tapi Kami mah ka maraneh teh cara anu laladen bae.

²⁸ Maraneh teu kendat ngabaturan Kami dina sagala cocoba anu kasorang ku Kami.

²⁹ Ku sabab eta, sakumaha Kami ku Rama Kami geus dipaparin hak marentah, maraneh oge ku Kami bakal dibere hak saperti kitu.

³⁰ Maraneh bakal dahar nginum sameja jeung Kami di Karajaan Kami, jeung bakal dariuk dina singgasana, marentah dua welas kaom Israil."

³¹ "Simon, Simon! Dengekeun! Setan geus meunang idin ngagoda ka maraneh kabeh, pikeun misahkeun nu hade ti nu goreng, cara gandum dipisahkeun tina kulitna.

³² Tapi maneh ku Kami geus dipangnedakeun, Simon, supaya iman maneh ulah nepi ka luntur. Upama maneh geus ngaku deui ka Kami, kudu nguatkeun batur-batur."

³³ Jawab Petrus, "Gusti, abdi mah sanaos kedah dipanjara atanapi maot sareng Gusti oge wantun!"

³⁴ Saur Yesus, "Petrus, Kami ngabejaan, peuting ieu memeh hayam kongkorongok, maneh geus tilu kali nyebutkeun teu wawuh ka Kami."

³⁵ "Basa maraneh ku Kami diutus jeung teu meunang mawa loket, kantong, atawa tarumpah tea, kumaha ngarasa kakurangan?" Yesus mariksa ka murid-murid. "Henteu," jawab maranehna.

³⁶ Saur Yesus, "Tapi ayeuna mah lamun aya anu boga loket atawa kantong kudu dibawa;

jeung anu teu boga pedang jual bae baju
beulikeun pedang.

³⁷ Sabab anu disebutkeun dina Kitab Suci ngeunaan diri Kami, anu ungelna, Anjeunna disaruakeun jeung bangsat, tangtu kajadian; eta anu ditulis ngeunaan diri Kami teh ayeuna bakal kajadianana."

³⁸ "Gusti," piunjuk murid-murid, "pedang parantos aya, dua!" "Cukup eta ge!" waler-Na.

³⁹ Yesus kaluar ti kota, sakumaha biasa angkatna ka Gunung Jetun, diiring ku murid-murid.

⁴⁰ Sasumpingna ka dinya Anjeunna ngalahir, "Maraneh kudu neneda supaya ulah beunang ku panggoda."

⁴¹ Sanggeus ngalahir kitu tuluy mencilkeun anjeun ti maranehna, anggangna kira-kira sapamaledog, brek tapak deku jeung neneda. Paneda-Na,

⁴² "Nun Ama, upami kenging, mugi ditebihkeun ieu lumur kasangsaraan ti Abdi. Nanging ulah numutkeun kahoyong Abdi, mung pangersa Ama bae anu kedah laksana."

⁴³ Tuluy aya hiji malaikat ti sawarga nemongan, maparin kakuatan ka Anjeunna.

⁴⁴ Manah Yesus pinuh ku kaketir, nenedana beuki mantep; karinget-Na mani kawas getih nyakclakan kana taneuh.

⁴⁵ Tas neneda Anjeunna ngilik murid-murid, kasampak keur sarare, geus carapeeun ku kasedih.

⁴⁶ Anjeunna ngalahir ka maranehna, "Ku naon sarare? Harudang, jeung kudu neneda, supaya ulah beunang ku panggoda."

⁴⁷ Sabot Anjeunna sasauran keneh, burudul jalma loba, diluluguan ku Yudas, hiji ti antara dua belas murid. Manehna nyampeurkeun ka Yesus, rek nyium.

⁴⁸ Tapi saur Yesus, "Yudas, maneh teh rek ngahianat Putra Manusa ku cium?"

⁴⁹ Ari murid-murid narenjo kajadian kitu teh tuluy naranya ka Yesus, "Kumaha Gusti, urang lawan bae ku pedang?"

⁵⁰ Aya hiji murid anu terus ngadek ka badega Imam Agung nepi ka rampung ceulina nu katuhu.

⁵¹ Tapi Yesus ngalahir, "Geus, cukup!" Seug eta badega teh ku Anjeunna dicabak ceulina, sarta dicageurkeun.

⁵² Ti dinya Anjeunna ngalahir ka imam-imam kapala jeung kapala-kapala pangawal Bait Allah jeung para kokolot anu rek narangkep, saur-Na, "Aranjeun murubul ka dieu marawa pedang jeung gegendir, na Kami teh penjahat?

⁵³ Padahal Kami unggal-unggal poe oge sok reureujeungan jeung aranjeun di Bait Allah, geuning ku aranjeun teu ditangkep. Tapi memang nya ayeuna waktuna pikeun aranjeun ngalaksanakeun pakarepan, waktuna kakuatan poek nyekel kawasa."

⁵⁴ Yesus geus ditangkep, seug diiringkeun ka bumi Imam Agung; Petrus nuturkeun ti kaanggangan.

⁵⁵ Di tengah buruan jero aya anu ngadurukan, seuneuna dirariung; Petrus oge milu ngariung di dinya.

⁵⁶ Aya hiji gandek awewe, mureleng ka Petrus anu keur siduru, tuluy ngomong kieu, "Ieu jelema tadi bareng jeung Yesus!"

⁵⁷ Tapi Petrus ngangles, pokna, "Nyi, wawuh ge henteu kuring mah ka Manehna teh!"

⁵⁸ Teu lila deui, aya hiji lalaki, barang ret ka Petrus tuluy ngomong, "Andika ge salah sahiji batur Itu!" Tapi jawab Petrus, "Paman! Kaula mah lain!"

⁵⁹ Kira-kira heuleut sajam, aya deui anu nuding ka Petrus nemen pisan, pokna, "Geus teu sak deui ieu jelema teh sok jeung Yesus, sabab manehna oge urang Galilea keneh!"

⁶⁰ Tapi jawab Petrus, "Paman! Ngomong naon Paman teh, kuring teu ngarti!" Sabot Petrus ngomong keneh, kadenge hayam kongkorongok.

⁶¹ Gusti nyoreang, neuteup ka Petrus. Ras Petrus ingeteun yen Gusti geus nyaurkeun perkara manehna, yen, "Peuting ieu, memeh hayam kongkorongok, maneh geus tilu kali nyebutkeun teu wawuh ka Kami."

⁶² Petrus kaluar ti dinya, tuluy ceurik nalangsa kabina-bina.

⁶³ Yesus ku nu ngajaraga pada moyokan, pada neunggeul.

⁶⁴ Soca-Na dipeungpeunan ku lamak sarta ceuk maranehna, "Teguh, saha eta anu neunggeul ka Maneh?"

⁶⁵ Rupa-rupa deui pisan ngahinakeunana ka Anjeunna.

⁶⁶ Barang bray beurang, para kokolot, imam-imam kapala, jeung guru-guru agama geus karumpul. Yesus tuluy dibawa ka Mahkamah Agama.

⁶⁷ Tuluy dipariksa, "Jawab, enya Maneh teh Kristus?" Anjeunna ngawaler, "Sanajan upama ku Kaula disebutkeun, aranjeun moal percaya;

⁶⁸ kitu deui upama Kaula nanya, ku aranjeun moal diwalon.

⁶⁹ Tapi ti semet ayeuna Putra Manusia teh bakal calik di tengeneun Allah Nu Maha Kawasa."

⁷⁰ Ceuk maranehna, "Jadi enya Maneh teh Putra Allah?" Waler Yesus, "Sakumaha saur aranjeun."

⁷¹ Ceuk maranehna, "Urang teu perlu deui saksi! Ku urang geus kadenge kitu pangakuana-Na!"

23¹ Anu sidang tuluy kabeh narangtung, saterusna mawa Yesus ka Pilatus,

² sarta di dinya didakwakeun kieu, "Ieu jalmi katangkep waktos nyasabkeun ka bangsa

sim kuring, ngalarang mayar pajeg ka Prabu, sareng ngaku-ngaku Kristus, nya eta raja."

³Pilatus mariksa ka Yesus, "Anjeun teh raja urang Yahudi?" Waler Yesus, "Leres pangandika."

⁴Pilatus ngalahir ka imam-imam kapala jeung ka jalma loba, "Kami teu manggih sabab pikeun ngahukum ieu Jelema."

⁵Tapi maranehna beuki ngadesek, pokna, "Pangajarana-Na parantos ngarusuhkeun rahayat di sakuliah Yudea. Ngawitan di Galilea teras dongkap ka dieu."

⁶Barang Pilatus ngadangu kitu, anjeunna mariksa, "Jadi ieu Jelema teh urang Galilea?"

⁷Sanggeus kauninga yen Yesus asalna ti wilayah cepengan Herodes, tuluy dikintunkeun ka Herodes, anu harita keur aya di Yerusalem.

⁸Herodes kacida atoheunana barang ningali ka Yesus teh, sabab geus ti bareto hoyongeunana ningali ka Anjeunna, lantaran geus sering ngadangu beja hal Anjeunna, jeung hoyongeun ningali Anjeunna ngadamel kaajaiban.

⁹Herodes papariksa rupa-rupa ka Yesus, tapi taya nu diwaler.

¹⁰Imam-imam kapala jeung guru-guru agama hantem bae ngadakwakeun.

¹¹Geus kitu mah Herodes jeung serdadu-serdaduna ngulinkeun jeung maroyokan ka Yesus nista pisan; ti dinya Yesus ku

maranehanana dijubahan ku jubah alus, tuluy dikintunkeun deui ka Pilatus.

¹²Ti semet harita Herodes jeung Pilatus jadi nyobat, tadina mumusuhan.

¹³Pilatus nyaur imam-imam kapala, para pamingpin, jeung jalma loba, sina kumpul.

¹⁴Tuluy ngalahir, "Ieu Jelema ku aranjeun dibawa ka kami, didakwa nyasabkeun rahayat. Ku kami geus dipariksa di dieu, kasaksian ku aranjeun, tetela taya kasalahana-Na atawa kajahatana-Na naon-naon sakumaha dakwaan aranjeun.

¹⁵Ku Herodes nya kitu keneh teu kapanggih yen salah, nu matak dipulangkeun deui ka kami. Taya kasalahana-Na naon-naon anu manjing hukuman pati.

¹⁶Ku sabab kitu ku kami arek dirangket bae, tuluy dibebaskeun."

¹⁷[Unggal-unggal hari raya Paska Pilatus sok ngabebaskeun hiji sakitan anu dipenta ku rahayat.]

¹⁸Jelema-jelema tingharaok, "Eta paehan! Barabas bebaskeun!"

¹⁹(Barabas teh dipanjarana lantaran nyieun huru-hara di kota jeung maehan.)

²⁰Pilatus, anu palayeun ngabebaskeun Yesus, sasauran deui ka maranehanana.

²¹Tapi maranehanana tinggarero deui, "Salib! Salib eta jelema!"

²²Pilatus ngalahir deui katilu kalina, "Tapi naon kajahatana-Na? Kami teu manggih

salah-Na anu satimpal jeung hukuman pati!
Anu matak ngan rek dirangket bae tuluy
dibebaskeun."

²³Tapi jelema-jelema teh beuki tarik
tinggarerona meak-meakkeun tanaga, menta
supaya Yesus disalib. Tungtungna digugu.

²⁴Pilatus ngaragragkeun hukum pati ka
Yesus, ngabulkeun kahayang maranehna.

²⁵Sakitan anu dosana nyieun huru-hara
jeung maehan tea dibebaskeun sakumaha
pamenta eta jelema-jelema. Ari Yesus ku
Pilatus diserenkeun kumaha karep maranehna
bae.

²⁶Yesus geus dibawa ku serdadu-serdadu.
Di jalan papapag jeung hiji jelema urang
Kirena ngaranna Simon anu tas ti tegalan rek
ka kota. Ku serdadu-serdadu dicerek, tuluy
dipaksa kudu manggul salib pungkureun
Yesus.

²⁷Anu marilu ngiringkeun Anjeunna kacida
lobana, malah aya wanita-wanita anu
sapapanjang jalan careurik nyeungceurikan
Anjeunna.

²⁸Yesus nyoreang ka eta wanita-wanita,
pok ngalahir, "Ulah careurik, wanita-wanita
Yerusalem! Ulah nyeungceurikan Kami,
anggur kudu nyeungceurikan diri sorangan
jeung anak.

²⁹Sabab engke dina hiji mangsa ka hareup,
jelema-jelema bakal ngaromong kieu, Kacida

untungna awewe anu can boga anak, anu can kungsi ngajuru, anu can kungsi nyusuan!

³⁰ Jalma-jalma dina mangsa eta bakal cumeluk ka gunung-gunung, Gunung! Kuring urugan!, jeung ngajerit ka pasir-pasir, Pasir! Kuring tindihan!

³¹ Sabab lamun kayu anu seger keneh geus dikieu-kieu, komo kayu anu geus garing!"

³² Anu rek dihukum pati harita teh aya deui duaan, penjahat, rek dibarengkeun jeung Yesus.

³³ Sanggeus narepi ka hiji tempat anu disebut "Tangkorek", Yesus disalib di dinya jeung dua penjahat tea, kiwaeun jeung tengeneuna-Na.

³⁴ Yesus ngalengis, "Duh Ama, hapunten kalepatan ieu jalmi-jalmi, reh teu tarerangeun naon-naon kana kalakuanana kieu." Anggoan Anjeunna dilotrekeun dibagi-bagi.

³⁵ Jelema-jelema ngadareugdeug, ari pamingpin-pamingpin urang Yahudi maroyokan ka Anjeunna, pokna, "Manehna sok nyalametkeun batur. Keun sina nulungan diri-Na ari enya mah Manehna Kristus pilihan Allah!"

³⁶ Serdadu-serdadu oge maroyokan, tuluy ngasongan anggur haseum ka Anjeunna,

³⁷ bari ngomong kieu, "Lamun enya Maneh raja urang Yahudi, pek geura upayakeun diri salamet!"

³⁸ Di luhureun mastaka Yesus aya tulisan kieu, "Ieu Raja urang Yahudi."

³⁹ Penjahat anu keur digantung oge nu saurang milu ngahina, pokna, "Maneh teh Kristus? Tulungan atuh diri teh, jeung dewek ongkoh!"

⁴⁰ Tapi disentak ku baturna, pokna, "Ari maneh teu sieun ku Allah? Lain sarua dihukum?

⁴¹ Urang dihukum oge pantes satimpal jeung kalakuan; ari Anjeunna mah euweuh dosana!"

⁴² Geus kitu ngalengis ka Yesus, "Nun Yesus, sing emut ka abdi upami parantos jumeneng Raja!"

⁴³ Yesus ngawaler, "Sing percaya! Poe ieu maneh bakal reureujeungan jeung Kami di Pirdus."

⁴⁴ Sanggeus kira-kira pukul dua welas beurang, panonpoe ujug-ujug pareum, reup poek sakurilingna nepi ka pukul tilu sore,

⁴⁵ jeung reregan anu ngagantung di jero Bait Allah ngadak-ngadak bedah dua.

⁴⁶ Yesus ngajerit, "Nun Ama, ka panangan Ama, Abdi masrahkeun nyawa abdi!" Kereles Anjeunna pupus, puput nyawa.

⁴⁷ Aya kajadian kitu ngan pok bae perwira pasukan muji ka Allah, omongna, "Bener ieu Jelema teh hade!"

⁴⁸ Jelema-jelema anu keur lalajo, aya kajadian kitu teh alundur baralik,

bangun kacida kadaruhungeunana mani
nareunggeulan harigu.

⁴⁹ Ari kawawuhan-kawawuhan Yesus, jeung istri-istri nu ngariringkeun Anjeunna ti Galilea keneh mah, araya keneh narangtung narenjokeun sakabeh perkara ti kajauhan.

⁵⁰ (23: 50-51) Aya hiji jelema jenenganana Yusup, asal ti Arimatea, hiji kota di Yudea, jelema hade hate tur kaajen, jeung ngarep-
ngarep kana ngadegna Karajaan Allah. Anjeunna enya oge anggota Mahkamah Agama, tapi teu nyatujuan kana putusan jeung kalakuan para anggota sejenna.

⁵¹ (23: 50)

⁵² Anjeunna ngadeuheus ka Pilatus, mundut layon Yesus.

⁵³ Layon diturunkeun tina salib, dibungkus ku lawon linen, tuluy diebogkeun di hiji pajaratan, guha anu ditatah dina gunung batu, tacan aya nu ngeusian.

⁵⁴ Harita teh poe Jumaah, geus meh mimiti poe Sabat.

⁵⁵ Wanita-wanita anu sok ngiring ka Yesus ti Galilea keneh marilu ngurebkeun jeung Yusup, narenjokeun peta anjeunna ngebogkeun layon di jero pajaratan.

⁵⁶ Geus kitu baralik, terus nyaradiakeun rampe jeung minyak seungit pikeun ngaminyakan layon. Sabot poe Sabat rareureuh heula nyumponan Hukum Agama.

24¹ Poe Minggu rebun-rebun keneh wanita-wanita teh geus bral ka pajaratan marawa rampe beunang nyadiakeun poe mangkukna.

²Ari daratang, batu tutup guha pajaratan teh kasampak geus ngagoler.

³Tuluy bae ka jarero guha, tapi layon Gusti Yesus teu aya.

⁴Sabot keur tingharuleng, deukeut ka maranehanana ujug-ujug aya anu ngaradeg duaan, anggoanana gumebyar cahayaan.

⁵Awahing ku sarieuneun, maranehanana mani sarujud, ari anu duaan tea ngalahir kieu, "Ku naon anu hirup diteang ka enggon anu paraeh?

⁶Anjeunna geus henteu di dieu, geus tanghi. Sing inget kana pilahir-Na ka maraneh basa di Galilea, anu kieu:

⁷Putra Manusa teh kudu diserenkeun ka jelema-jelema doraka, disalib, dina katilu poena bakal hirup deui."

⁸Eta wanita-wanita teh terus aringeteun yen bener Yesus geus ngalahir kitu.

⁹Tuluy marulang popoyan ka murid-murid anu sawelas jeung ka nu sejenna deui.

¹⁰Eta anu barebeja ka rasul-rasul teh nya eta Maria Magdalena, Yohana, Maria ibuna Yakobus, jeung wanita-wanita sejenna deui.

¹¹Tapi caritaanana ku rasul-rasul teu dipercaya, dianggap omongan nu lain-lain.

¹² Ngan ari Petrus mah terus lumpat muru ka pajaratan; ari nempo ka jero pajaratan ngan ningal boeh bae ngalumbruk. Tuluy mulang semu teu ngarti bet aya kajadian kitu.

¹³ Dina poe eta keneh aya dua jelema panganut Yesus, keur laleumpang ka hiji kampung anu ngaran Emaus, jauhna ti Yerusalem kira-kira sawelas kilometer.

¹⁴ Laleumpangna bari guntreng nyaritakeun perkara anu anyar kajadian.

¹⁵ Sabot kitu Yesus sumping, terus nyarengan maranehna.

¹⁶ Tapi maranehanana teu warawuheun.

¹⁷ Yesus mariksa, "Keur nyaritakeun naon guntreng bari leumpang?" Anu duaan ngarandeg, pasemonna alum.

¹⁸ Anu saurang, anu ngaran Kleopas, malik nanya, "Naha mung Bapa bae urang asing di Yerusalem teh, henteu uninga kana kajadian anyar-anyar ieu?"

¹⁹ "Perkara naon?" pamariksa-Na. "Perkawis Yesus urang Nasaret tea," jawabna.

"Anjeunna teh nabi. Sagala pilahir sareng dadamelana-Na sarwa kawasa; hal eta diangken ku jalmi-jalmi sareng ku Allah.

²⁰ Nanging ku para imam kapala sareng ku para pamingpin urang diserenkeun kana hukum pati, pupus disalib.

²¹ Padahal nya Anjeunna pisan anu diarep-arep piiasaeun ngabebaskeun bangsa Israil

teh! Katambih-tambah ayeuna, saparantos
katilu dinten ieu ti semet kajadianana,

²²aya wartos ti sawatara wanita urang,
kacida ngagetkeunana. Eta wanita-wanita teh
ngalayad ka pajaratan,

²³ari dongkap layon teh geuning teu aya.
Warangsulna teras nyarioskeun yen naringal
malaikat anu ngawartoskeun yen Anjeunna
hirup.

²⁴Lajeng ku rerencangan disidikkeun ka
pajaratan, leres cocog sakumaha wartos,
nanging ari Anjeunna mah teu aya katingal di
dinya."

²⁵Lahiran Yesus, "Ari maraneh ku barelet,
seuseut rek percaya kana sagala kasauran
nabi-nabi teh!

²⁶Ari Kristus teh lain geus mistina
nandangan eta sakabeh panganiayaan pikeun
jalan kana kamulyaana-Na?"

²⁷Ti dinya Anjeunna nerangkeun ka
maranehna sagala anu dituliskeun dina Kitab
Suci hal salira-Na, ti kitab-kitab Musa nepi ka
kitab-kitab para nabi.

²⁸Sanggeus deukeut ka kampung anu
dijugjug, Yesus nyemukeun anu rek lajeng;

²⁹tapi ku maranehna diandeg, pokna,
"Sae ngarereb bae di sim kuring, parantos
burit, parantos reupreupan." Anjeunna terus
sindang ka maranehna.

³⁰ Waktu tuang jeung maranehna, Anjeunna nyandak roti, muji sukur terus nyemplekan roti diasongkeun ka maranehna.

³¹ Geus kitu kakara panon maranehna teges, warawuheun deui ka Anjeunna, tapi Anjeunna terus ngaleungit.

³² Ceuk maranehna, "Paingan tadi waktu Anjeunna ngalahir jeung nerangkeun Kitab Suci, hate urang mani asa ajol-ajolan."

³³ Ti dinya harita keneh maranehna baralik deui ka Yerusalem. Di Yerusalem nyampak murid-murid anu sawelas geus kumpul jeung nu sejen-sejenna deui,

³⁴ keur nyarita kieu, "Gusti teh enya geus tanghi! Geus nembongan ka Simon!"

³⁵ Geus kitu anu ti Emaus teh nyaritakeun papanggihanana di jalan, jeung peta Anjeunna waktu nyemplekan roti nepi ka maranehanana warawuheun deui ka Anjeunna.

³⁶ Sabot eta anu duaan keur cacarita kitu, jleg bae Gusti ku anjeun geus ngadeg di tengah-tengah riungan, pok ngalahir, "Bagea!"

³⁷ Atuh kacida maranehna sarieuneunana, panyangkana jurig.

³⁸ Tapi Anjeunna ngalahir deui, "Ku naon sarieun? Ku naon hate maraneh cangcaya?"

³⁹ Tenjo ieu leungeun jeung suku Kami, teges-teges, ieu teh Kami. Rampa, tangtu

karasa, da jurig mah henteu dagingan henteu tulangan, teu kawas Kami."

⁴⁰Bari ngalahir kitu Anjeunna nembongkeun panangan jeung sampeana-Na.

⁴¹Maranehna can palercaya keneh tapi kacida barungaheunana pacampur jeung heran; ku sabab kitu Anjeunna tuluy mariksa, "Maraneh boga dahareun di dieu?"

⁴²Ku maranehanana dihaturanan goreng lauk sakeureut,

⁴³tuluy ku Anjeunna dituang di hareupeun maranehna.

⁴⁴Anjeunna ngalahir deui, "Hal-hal ieu bareto ku Kami geus diomongkeun ka maraneh waktu urang reureujeungan keneh; ceuk Kami harita, sagala rupa anu geus ditulis ngeunaan diri Kami dina Kitab Hukum Musa, dina Kitab Nabi-nabi jeung dina Kitab Jabur, kudu kajadian."

⁴⁵Ti dinya Anjeunna mukakeun pikiran maranehanana supaya ngalarti kana Kitab Suci.

⁴⁶Saur-Na deui, "Geus dituliskeun kieu: Kristus kudu disangsara jeung kudu gugah deui tina pupusna tilu poe ti sanggeusna.

⁴⁷Jeung kalawan jenengan Anjeunna warta hal pertobat jeung panghampura dosa kudu diuarkeun ka sagala bangsa, mimiti ti Yerusalem.

⁴⁸Maraneh saksina tina eta sagala kajadian.

⁴⁹ Kami pribadi ka maraneh bakal maparin hal anu geus dijangjikeun ku Rama Kami. Tapi memeh eta maraneh kudu ngadago heula di Yerusalem, nepi ka mangsa maraneh geus diliputan ku kakawasaan ti sawarga."

⁵⁰ Ti dinya maranehna ku Yesus dicandak kaluar ti jero kota, jauhna nepi ka Betania. Di dinya Anjeunna ngangkat panangan duanana ngaberkahan ka maranehna.

⁵¹ Sabot keur ngaberkahan, Anjeunna beuki misah tuluy diangkat ka sawarga.

⁵² Bruk maranehanana sarujud ngahormat, tuluy marulang ka Yerusalem, hatena mudal ku kabungah.

⁵³ Saterusna sapopoena araya di Bait Allah maruji sukur ka Allah.

Yohanes

1 ¹Ari nu disebut Pangandika teh geus jumeneng ti memeh ieu dunya dijadikeun; Pangandika sasarengan jeung Allah, Pangandika sarua jeung Allah.

²Ti mimiti keneh Pangandika teh geus sasarengan jeung Allah.

³Allah ngajadikeun sagala rupa teh nya ku Pangandika; teu aya hiji oge ciciptan Allah anu dijadikeunana henteu jeung Pangandika.

⁴Pangandika teh nya eta anu jadi sumberna hirup; ari hirup nya eta anu mere caang ka manusa.

⁵Eta caang cahayaan gumebyar di nu poek, ari poek teu bisaeun mareuman eta caang.

⁶Allah ngintunkeun utusana-Na, jenenganana Yohanes,

⁷pikeun nerangkeun caang tea ka jalma-jalma, sangkan tarerangeun jeung palercayaun kana hal eta.

⁸Yohanes ku anjeun lain anu disebut caang tea; anjeunna mah anu mere terang hal eta caang,

⁹caang sajati, anu turun ka ieu dunya, nyaangan sakumna manusa.

¹⁰Pangandika lungsur ka dunya, tapi dunya teu nyahoeun ka Anjeunna, padahal dunya dijadikeunana ku Allah teh nya ku

Pangandika. Dunya teh kagungana-Na,
manusa teh umat-Na,

¹¹ Dunya anu disumpingana-Na teh nagri
kagungana-Na, tapi umat-Na embungeun
narima.

¹² Tapi loba oge anu narima jeung palercaya
ka Anjeunna teh; jelema-jelema anu kitu
ku Anjeunna dipaparin hak jadi putra-putra
Allah.

¹³ Jadina putra-putra Allah teh lain ku cara
anu lumrah di manusa, lain ku cara anu yuga
ti bapa sipat manusa; Rama maranehna teh
Allah ku manten.

¹⁴ Pangandika teh terus mijalma, jadi
manusa, hirup di kalangan urang, jembar
kurnia jeung saestu sipat-Na tur mulya
kaayaana-Na, sarta kamulyaana-Na teh
tembong ka urang, kamulyaan ti nu jadi
Rama ka Putra tunggal.

¹⁵ Hal Anjeunna, kieu ditetelakeunana ku
Yohanes, "Anjeunna teh nya eta anu ceuk
kami kieu tea, Sumping-Na pandeurieun
kami, tapi ngungkulan kami, reh Anjeunna
mah memeh kami dijurukeun oge geus
jumeneng."

¹⁶ Ku kajembaran manah-Na, Anjeunna teu
kendat-kendat maparin berkah ka urang.

¹⁷ Ku jalan Musa, Allah ka urang maparin
Hukum-Na. Tapi ku jalan Yesus Kristus
Allah nganyatakeun sih kurnia jeung
kasayaktiana-Na.

¹⁸ Jelema can aya anu geus ningal Allah. Tapi urang bakal terang ka Mantenna ti Yesus Kristus, Putra tunggal Allah, anu sarua jeung Allah, anu salawasna sasarengan jeung Allah.

¹⁹ Para gegeden urang Yahudi di Yerusalem ngutus sawatara imam jeung jelema-jelema urang Lewi, nanyakeun kieu ka Yohanes, "Anjeun teh saha?"

²⁰ Ku Yohanes diwaler sajujurna, saurna, "Kaula lain Kristus."

²¹ "Upami sanes, saha?" ceuk utusan, "Anjeun teh Elias?" "Lain, lain eta," waler Yohanes. "Sanes Nabi nu diarep-arep tea?" ceuk utusan. "Lain," walerna.

²² "Saha atuh, wartoskeun," ceuk utusan. "Sim kuring kedah ngahaturkeun jawaban anu pasti ka nu ngutus. Cobi, ceuk anjeun, anjeun teh saha?"

²³ Yohanes ngawalerna ku pilahir Nabi Yesaya: "Kaula teh, Soara anu cumeluk di gurun keusik: Sadiakeun jalan anu lempeng, pikeun Pangeran!"

²⁴ Eta para utusan anu diutus ku urang Parisi,

²⁵ naranya deui, "Kristus sanes, Elias sanes, Nabi tea sanes, naha atuh anjeun ngabaptis?"

²⁶ Waler Yohanes, "Kaula ngabaptis teh ku cai. Tapi di aranjeun aya saurang anu aranjeun teu wawuh.

²⁷ Sumpingna pandeurieun kaula, tapi kaula pikeun mangudarankeun tali tarumpah-Na ge teu layak."

²⁸ Eta kajadian teh di Betania sisi Walungan Yordan peuntas wetan, paragi Yohanes ngabaptis.

²⁹ Poe isukna Yohanes ningali Yesus anu rek ka anjeunna. Yohanes ngalahir, "Tuh itu Anjeunna, Anak Domba Allah, anu bakal ngaleungitkeun dosa ti alam dunya!

³⁰ Nya Anjeunna anu ceuk kami, Anu sumpingna pandeurieun kami tapi ngungkulan kami, reh Anjeunna mah memeh kami dijurukeun oge geus jumeneng.

³¹ Mimitina mah kami henteu terang Anjeunna teh saha. Tapi kami ngabaptis ku cai teh nya eta pikeun ngenalkeun Anjeunna ka bangsa Israil."

³² Geus kitu Yohanes ngucapkeun panyaksi kieu, "Kami geus nenjo Anjeunna diauban ku Roh Allah anu lungsur ti sawarga ngarupakeun manuk japatil.

³³ Nepi ka harita ge kami can terang keneh yen Anjeunna teh Anjeunna. Tapi memeh eta kami geus didawuhan kieu ku Allah, anu ngutus kami supaya ngabaptis ku cai, Maneh bakal nenjo Roh Kami ti sawarga turun ka hiji jelema; nya Anjeunna engke anu bakal ngabaptis ku Roh Suci.

³⁴ Ieu anu diaku ku kami teh hiji kajadian anu geus katenjo ku kami," saurna deui, "nu

matak ayeuna kami ngabejaan ka maraneh:
Anjeunna teh Putra Allah."

³⁵ Poe isukna deui, waktu Yohanes keur ngadeg di tempat kamari jeung dua muridna,

³⁶ ningali Yesus ngalangkung. "Tuh, Anak Domba Allah!" saurna.

³⁷ Sanggeus anjeunna ngalahir kitu, eta dua murid teh arindit naluturkeun ka Yesus.

³⁸ Yesus nyoreang, ningalieun ka nu naluturkeun tuluy mariksa, "Keur nareangan naon?" Jawabna, "Di mana Rabi linggih?" (Rabi hartina "Guru").

³⁹ "Hayu ka ditu, tenjo engke," waler-Na. (Harita kira-kira geus pukul opat sore.) Maranehna tuluy marilu, jadi nyarahoeun ka tempat Anjeunna. Poe eta maranehna aya di Anjeunna.

⁴⁰ Anu saurang ngaranna Andreas, boga dulur ngaranna Simon Petrus.

⁴¹ Gancang Andreas manggihan Simon, tuluy nyarita, "Kuring geus papanggih jeung Mesias." (Mesias teh hartina "Kristus", Jurusalamet.)

⁴² Simon tuluy dideuheuskeun ka Yesus. Yesus neuteup ka Simon, tuluy ngalahir, "Ngaran maneh Simon, anak Yonas. Tapi maneh bakal disebut Kepas." (Kepas saharti keneh jeung Petrus, nya eta "batu karang".)

⁴³ Poe isukna Yesus angkat ka Galilea. Anjeunna pendak jeung Pilipus, tuluy diajak, saur-Na, "Milu ka Kami!"

⁴⁴ (Pilipus asal ti Betsaida, lemburna Andreas jeung Petrus.)

⁴⁵ Pilipus manggihan Natanael, nyarita, "Kuring geus papanggih jeung anu disebut-sebut ku Musa dina Kitab Hukum Allah jeung anu ditulis ku nabi-nabi tea. Anjeunna teh Yesus, putra Yusup urang Nasaret."

⁴⁶ "Na aya kitu anu hade ti Nasaret?" Natanael nanya. "Hayu, tenjo sorangan," jawab Pilipus.

⁴⁷ Barang ningali Natanael datang, Yesus terus ngalahir ngeunaan dirina, saur-Na, "Tah ieu urang Israil tulen, taya pisan kapalsuanana!"

⁴⁸ "Geuning Bapa uninga ka abdi?" Natanael nanya. Yesus ngawaler, "Memeh maneh dicalukan ku Pilipus, ku Kami katenjo di handapeun tangkal kondang."

⁴⁹ "Pa Guru!" jawab Natanael, "Pa Guru teh geuning Putra Allah! Raja bangsa Israil!"

⁵⁰ Saur Yesus, "Maneh percaya kitu teh nahe pedah bieu Kami nyebutkeun yen maneh ku Kami katenjo handapeun tangkal kondang? Loba keneh anu leuwih aheng, bakal kasaksian ku maneh."

⁵¹ Saur-Na deui ka sarerea, "Sing percaya kana benerna ieu omongan Kami: Maraneh bakal narenjo langit muka, para malaikat turun unggah ti sawarga ka Putra Manusia."

2¹ Dua poe ti harita aya anu hajat nikah di kota Kana di Galilea; ibuna Yesus aya di dinya.

² Yesus oge diulem jeung murid-murid-Na.

³ Sanggeus anggur inumeun beak, ibuna Yesus nyarios ka Anjeunna, "Nu hajat teh seepeun leueuteun."

⁴ Yesus ngawaler, "Ulah disaurkeun ka Abdi, margi Abdi teu acan dongkap kana waktos."

⁵ Tapi ibu-Na terus sasauran ka tukang-tukang laladen, saurna, "Engke lamun Anjeunna miwarang naon-naon, pigawe bae!"

⁶ Di dinya aya tahang batu wadah cai paranti wawasuh sakumaha adat agama urang Yahudi, pieusieunana masing-masing kira-kira saratus liter.

⁷ Yesus marentah ka tukang-tukang laladen, saur-Na, "Eta tahang-tahang eusian ku cai." Tuluy diareusian mani laleber;

⁸ geus kitu saur Yesus, "Siuk saeutik, anteurkeun ka pamangku hajat." Seug dianteurkeun; barang ku manehna diasaan,

⁹ cai teh geus robah jadi anggur. Manehna teu nyahoeun kumaha asalna (nu nyiuk jeung nganteurkeunana mah puguh bae nyahoeun); tuluy manehna nyalukan panganten lalaki,

¹⁰ seug ngomong kieu, "Biasana anu dikaluarkeun ti payun teh anggur anu pangraosna heula, upami tamu-tamu parantos warareg nembe ngaluarkeun anu

sedeng-sedeng bae. Dupi ieu sabalikna, nu saena dipandeurikeun!"

¹¹ Ieu kaajaiban di Kana wewengkon Galilea teh, kaajaiban anu pangmimitina dipidamel ku Yesus, nembongkeun kamulyaana-Na. Murid-murid-Na jadi palercaya ka Anjeunna.

¹² Geus kitu Yesus jengkar ka Kapernaum jeung ibu-Na, saderek-saderek-Na, murid-murid-Na. Di Kapernaum ngendek heula sawatara poe.

¹³ Hari Raya Paska geus deukeut, ku sabab eta Yesus angkat ka Yerusalem.

¹⁴ Barang lebet ka Bait Allah, nyampak di jero loba jelema keur daragang sapi, domba, jeung manuk japati; tukang nalukeuran duit oge loba, keur dariuk nyalanghareupan mejana.

¹⁵ Seug Anjeunna ngadamel pecut ku rara, tuluy dianggo ngabuburak sasatoan ti jero Bait Allah, sapi jeung domba disarabetan; meja-meja tukang nalukeuran duit dibalik-balikkeun, duitna mancawura.

¹⁶ Ari ka nu daragang japati saur-Na teh, "Bawaan ka luar! Gedong Ama Kami ulah dijieun deui pasar!"

¹⁷ Ras murid-murid aringeteun kana ayat Kitab Suci anu kieu, "Hate Abdi, nun Allah, asa ngentab bawaning ku deudeuh ka Gedong Ama."

¹⁸ Gegeden-gegeden Yahudi daratang ka Anjeunna, naranya, "Anjeun bisa nyieun

kaajaiban naon pikeun nandakeun boga hak ngajalankeun anu sarupa kieu!"

¹⁹ Yesus ngawaler, "Ruag ieu Bait Allah, ku Kaula rek diadegkeun deui di jero tilu poe."

²⁰ "Diadegkeun deui di jero tilu poe?" ceuk eta para gegeden. "Ieu adegan teh dijieunna opat puluh genep taun!"

²¹ Padahal anu dimaksud ku Yesus mah ngeunaan salira-Na, lain eta gedong.

²² Nu matak engke, sanggeus Anjeunna gugah deui tina pupus, murid-murid-Na bakal aringeteun kana ieu pilahir, sarta percaya kana ungelna Kitab Suci jeung ka nu geus disaurkeun ku Yesus.

²³ Salila Yesus di Yerusalem sapanjang Pesta Paska, loba jelema anu palercaya ka Anjeunna dumeh narenjo kaajaiban-kaajaiban damelana-Na.

²⁴ Tapi Yesus ku anjeun teu percanten ka maranehna, sabab uningaeun kana tabeat maranehna.

²⁵ Teu kudu dicariosan deui Anjeunna mah tabeat maranehna teh, lantaran geus uningaeun kana eusi hatena masing-masing.

3¹ Aya hiji pamingpin urang Yahudi ti kalangan kaom Parisi, ngaranna Nikodemus.

² Dina hiji peuting manehna datang ka Yesus. "Pa Guru," carekna ka Anjeunna, "sarerea terang Pa Guru teh guru anu diutus ku Allah. Sabab moal aya anu bisa ngayakeun mujijat

kawas Pa Guru lamun henteu disarengan ku Allah."

³ Waler Yesus, "Kaula rek ngabejakeun hal anu saenyana, nya eta: Saurang oge moal aya anu bisa asup ka Karajaan Allah, kajaba lamun dijurukeun deui."

⁴ "Piraku jalma anu geus dewasa bisa dijurukeun deui, kumaha petana?" ceuk Nikodemus. "Na bisa asup deui kana rahim indungna tuluy dijurukeun deui?"

⁵ Waler Yesus, "Kaula ngomongkeun nu saenyana, yen jelema anu dijurukeunana lain tina cai jeung Roh Allah, moal bisa asup ka Karajaan Allah, kitu saenyana.

⁶ Manusa teh sacara jasmani lahir ti kolotna anu sipat jalma, tapi sacara rohani mah dijurukeunana ti Roh Allah.

⁷ Anjeun ulah heran carek Kaula tadi kabeh jalma kudu dijurukeun deui.

⁸ Angin niup ka mana karepna, anjeun ngadenge sorana, tapi teu nyaho ti mana mimitina jeung ka mana tulunya. Jalma anu dijurukeun ti Roh Allah teh saperti kitu."

⁹ "Kumaha pangna bisa kitu?" tanya Nikodemus.

¹⁰ "Anjeun teh maha guru di Israil, piraku teu ngarti?" waler Yesus.

¹¹ "Kaula ngabejaan saenyana, yen: anu diomongkeun ku urang teh hal anu urang geus nyaho, anu dicaritakeun ku urang hal

anu ku urang geus katenjo. Tapi aranjeun saurang ge taya nu daek narima ieu panyaksi.

¹²Anjeun teu percaya waktu Kaula nyarita hal-hal ngeunaan ieu dunya, kumaha bakalna bisa percaya lamun Kaula nyarita hal-hal anu ngeunaan sawarga?

¹³Can aya anu geus ka sawarga, lian ti Putra Manusa anu geus turun ti sawarga.

¹⁴Sakumaha oorayan tambaga ku Musa ditanjurkeun dina tihang di gurun keusik, nya kitu Putra Manusa oge kudu diangkat ka luhur,

¹⁵supaya saha bae anu percaya ka Anjeunna bisa meunangkeun hirup langgeng.

¹⁶Karana kacida mikaasihna Allah ka alam dunya, nepi ka masihkeun Putra tunggal-Na, supaya sakur anu percaya ka Anjeunna ulah binasa, tapi meunang hirup langgeng.

¹⁷Sabab Allah ngutus Putra-Na ka alam dunya teh lain pikeun ngahukum alam dunya, tapi pikeun nyalametkeun.

¹⁸Saha bae anu percaya ka nu jadi Putra, moal meunang hukuman. Sabalikna anu henteu percaya ka Anjeunna mah geus aya dina hukuman Allah, lantaran henteu percaya ka Putra tunggal Allah.

¹⁹Dasar nerapkeun hukumanana kieu: nu jadi caang tea turun ka dunya, tapi jalma-jalma leuwih resep kana poek ti batan kana caang, lantaran kalakuanana jarahat.

²⁰ Jalma anu jahat kalakuanana, kana caang teh ngewaeun, embungeun datang kana caang, sieuneun kajahatanana katembong.

²¹ Sabalikna jalma anu kalakuanana bener mah datang kana caang, supaya nyata yen kalakuanana sapagodos jeung pangersa Allah."

²² Geus kitu Yesus angkat jeung murid-murid ka Yudea, linggih heula di dinya sawatara lilana jeung ngabaptis.

²³ Ari Yohanes mah ngabaptisna di Ainon teu jauh ti Salim, sabab di dinya loba cai. Jalma-jalma nu dibaptis ku anjeunna loba pisan.

²⁴ Harita Yohanes tacan dipanjara.

²⁵ Aya murid-murid Yohanes anu padu jeung urang Yahudi tina sual upacara wawasuh.

²⁶ Maranehna tuluy arunjukan ka Yohanes, "Pa Guru, manawi emut keneh ka jalmi anu kapungkur sareng Bapa di sisi Walungan Yordan palih wetan tea, anu ku Bapa dituduhkeun ka abdi-abdi? Ayeuna Anjeunna oge ngabaptis; jalmi sadayana ka Anjeunna!"

²⁷ Waler Yohanes, "Jelema moal boga naon-naon lamun taya paparin ti Allah.

²⁸ Maraneh ngadenge sorangan basa kami nyebutkeun, Kami Iain Kristus. Kami mah jalma anu diutus heulaeun Anjeunna.

²⁹ Anjeunna jeung kami teh lir panganten lalaki jeung rencangna. Panganten awewe teh hakna panganten lalaki, ari rencangna

mah ngan maturan heula di gigireunana bari ngadengekeun. Hatena bungah ngadenge sora panganten lalaki teh. Kami oge kitu, bungah taya papadana ku hal Anjeunna.

³⁰ Memang geus kuduna Anjeunna jadi anu leuwih penting, ari kami kudu beuki asor."

³¹ Yesus, anu sumping ti luhur, tangtu pangluhurna ti sakabeh. Ari nu asalna ti dunya keneh mah pikeun dunya bae, anu dicaturkeunana oge hal-hal nu aya di dunya. Ari anu sumping ti sawarga mah punjul dina sagala perkara.

³² Anu didawuhkeun ku Anjeunna teh perkara anu ku Anjeunna geus kadangu jeung katingali di sawarga, parandene kitu jalma-jalma teu palercaya.

³³ Tapi sing saha anu percaya kana pilahir-Na bakal ngaku yen Allah teh maha saestu.

³⁴ Anu diutus ku Allah tangtu nyaurkeun dawuhan-dawuhan Allah, sabab geus dilinggihan ku sagemblengna Roh Allah.

³⁵ Anjeunna, anu jadi Putra Allah, ku Allah Rama-Na anu mikaasih, geus dicangkingan sagala kakawasaan Mantenna.

³⁶ Saha bae anu percaya ka Putra-Na bakal meunang hirup langgeng; tapi anu teu anut ka Putra-Na, moal boga hirup, sabalikna bakal tetep aya dina hukuman Allah.

4 ¹ Urang Parisi nyararita yen Yesus meunang murid leuwih loba ti batan murid

Yohanes, kitu deui nu dibaptis ku Anjeunna leuwih loba.

²(Saenyanan anu ngabaptisna mah lain Yesus ku anjeun, tapi murid-murid-Na.)

³Omongan urang Parisi kitu kadangueun ku Yesus, nu matak Anjeunna terus ngantunkeun Yudea, mulih deui ka Galilea;

⁴ari jalanna kudu nyorang daerah Samaria.

⁵Angkat-Na geus nepi ka Sikhar, hiji kota di Samaria, teu jauh ti hiji lahan anu ku Yakub diwariskeun ka Yusup putrana.

⁶Di eta lahan aya hiji sumur, katelahna sumur Yakub. Yesus geus ngaraos cape angkat, tuluy calik di sisi eta sumur. Harita kira-kira tengah poe.

⁷Geus kitu aya hiji awewe urang Samaria ka dinya rek ngala cai. "Cik Kami menta caina, hayang nginum," saur Yesus ka eta awewe.

⁸(Ari murid-murid-Na keur mareuli tuangeun ka kota.)

⁹Walonna, "Juragan teh urang Yahudi, naha mundut ngaleueut ka abdi, urang Samaria?" (Urang Yahudi embungeun sakokoh jeung urang Samaria.)

¹⁰Waler Yesus, "Lamun Nyai nyaho kana paparin Allah jeung ka ieu anu menta nginum, tangtu Nyai anu bakal menta nginum ka Anjeunna; ku Anjeunna tangtu dibere cai anu matak hirup."

¹¹ Walonna, "Ti mana Juragan pikengingeun eta cai anu matak hirup? Ieu sumur teh jero, sareng Juragan teu kagungan timba.

¹² Ieu sumur warisan ti Yakub, karuhun bangsa abdi. Anjeunna sapala putra ngalaleueutna tina ieu sumur, ingon-ingonna ngarinumna ti dieu. Juragan teh nganggap langkung unggul ti batan Yakub?"

¹³ Waler Yesus, "Nu nginum cai ieu sumur bakal halabhab deui.

¹⁴ Sabalikna anu nginum cai anu rek dibikeun ku Kami mah moal halabhab deui, sabab eta cai bakal jadi cinyusu di jero hatena, anu salawasna ngabijilkeun cai anu matak hirup langgeng."

¹⁵ "Abdi nyuhunkeun, Juragan!" ceuk eta awewe, "supados ulah halabhab deui sareng teu kedah bulak-balik ka dieu nimba."

¹⁶ Waler Yesus, "Teang heula salaki Nyai, bawa ka dieu."

¹⁷ Walonna, "Abdi teu gaduh salaki." Waler Yesus, "Bener ceuk Nyai teu boga salaki teh.

¹⁸ Nyai geus lima kali kawin. Lalaki anu ayeuna saimah jeung Nyai lain salaki. Nyai geus terus terang."

¹⁹ "Juragan teh tangtos nabi," ceuk eta awewe.

²⁰ "Karuhun urang Samaria ngabakti ka Allah di gunung ieu, namung ceuk urang Yahudi tempat ngabakti ka Allah teh kedah di Yerusalem."

²¹ Waler Yesus, "Nyai sing percaya ka Kami, ka hareup mah ngabakti ka Allah Rama teh lain di gunung ieu, jeung lain di Yerusalem.

²² Urang Samaria saenyana teu nyaraho ka anu disembahna. Urang Yahudi mah nyarahoeun saha anu disembahna teh, sabab pisalameteun teh datangna ti urang Yahudi.

²³ Mangsa ka hareup mah, malah ayeuna ge geus mimiti, ku kakawasaan Roh Allah jalma-jalma bakal nyarembah ka Allah Rama teh bari nyaraho enya ka Mantenna, bakal sapagodos jeung pangersa-Na.

²⁴ Allah teh Roh, anu matak ngan ku lantaran kakawasaan Roh bae jalma-jalma pibisaeunana ngabakti ka Allah Rama bari nyaraho enya ka Mantenna teh."

²⁵ Walon eta awewe, "Abdi terang yen Kristus engke bade sumping. Anjeunna nu bakal nerangkeun sagala perkawis ka abdi sadaya."

²⁶ Waler Yesus, "Eta teh Kami, anu ayeuna keur cacarita jeung Nyai."

²⁷ Sabot kitu murid-murid Yesus daratang. Maranehna hareraneun pedah Yesus cacarios jeung awewe; tapi teu aya anu nanya ka eta awewe, "Perlu naon ka dieu?" atawa nanya ka Anjeunna, "Naha Bapa sasauran sareng eta awewe?"

²⁸ Ari awewe tea ngalesotkeun wadah caina tuluy lumpat ka kota deui, bebeja ka nu araya di dinya,

²⁹"Hayu geura, urang nenjo jelema anu bisaeun nyaritakeun kalakuan kuring bareto. Palangsiang eta teh Kristus tea, nya?"

³⁰Jalma-jalma tuluy budal ti jero kota rek maranggihan Yesus.

³¹Murid-murid ngahaturanan tuang ka Yesus, "Pa Guru, mangga geura tuang!"

³²Tapi waler-Na, "Kami geus boga dahareun anu maraneh teu nyaraho."

³³Murid-murid silih tanya jeung baturna, "Geus aya nu ngahaturanan kitu?"

³⁴Pilahir Yesus, "Dahareun Kami nya eta pagawean ti pangersa anu ngutus, anu kudu dipigawe nepi ka anggeus.

³⁵Maraneh kungsi ngomong, Opat bulan deui bakal panen. Padahal pek ilikan, sawah geus koneng, meujeuhna dipibuatan!

³⁶Anu dibuatna geus mimiti narima upah gawena jeung ngumpulkeun beubeunangan pikeun hirup langgeng. Nu melakna bungah, nu ngalana bungah.

³⁷Bener ceuk paribasa, Nu sejen melak, nu sejen ngala.

³⁸Maraneh ku Kami diutus, dibuat di lahan lain beunang maraneh melakan. Anu melakna mah batur, maraneh milu meunang hasilna."

³⁹Basa awewe tea ngomong yen, "Anjeunna bisaeun nyaritakeun kalakuan kuring bareto," urang kota eta loba anu terus percaya ka Yesus.

⁴⁰ Nu matak sanggeus daratang ka Anjeunna, maranehna nunuhun supaya Anjeunna linggih ka maranehna, sarta Yesus terus cicing di maranehna dua poe.

⁴¹ Loba deui anu palercaya ka Anjeunna sanggeus ngadarenge pilahir-pilahir-Na.

⁴² Ceuk maranehna ka awewe tea, "Percaya teh ayeuna mah lain tina caritaan Nyai, tapi tina sabab geus ngadenge sorangan pilahir-pilahir-Na. Nyaho ayeuna mah, Anjeunna teh Jurusalamet saalam dunya."

⁴³ Sanggeus dua poe linggihna di Sikhar, Yesus jengkar ngabujeng ka Galilea,

⁴⁴ sabab saur-Na sorangan, "Nabi tara dihargaan di nagrina sorangan."

⁴⁵ Sasumpingna di Galilea pada mapagkeun ku jalma-jalma anu kungsi daratang kana Pesta Paska di Yerusalem, sarta anu nyarahoeun kana sagala rupa anu dipidamel ku Anjeunna salila eta pesta.

⁴⁶ Ti dinya Yesus ngabujeng deui ka Kana, di Galilea, urut Anjeunna ngarobah cai jadi anggur tea. Di dinya aya hiji pagawe pamarentah, anakna di Kapernaum keur gering.

⁴⁷ Ngadenge yen Yesus ti Yudea sumping ka Galilea, tuluy datang ngahaturanan Anjeunna ka Kapernaum, menta dipangnyageurkeun anakna anu geus meh maot.

⁴⁸ Waler Yesus, "Maraneh moal percaya ka Kami lamun teu narenjo kaajaiban-kaajaiban."

⁴⁹ "Juragan," walon eta pagawe, "mugi enggal sumping ka ditu, bilih pun anak kabujeng ngantunkeun."

⁵⁰ Waler Yesus, "Jig teang, anak maneh tangtu hirup." Manehna percayaeun kana pilahir-Na, tuluy indit.

⁵¹ Di jalan keneh geus meunang beja ti gandekna, "Tuang putra parantos damang."

⁵² Ku manehna ditanyakeun pukul sabaraha mimiti cageurna. Jawabna, "Kamari, tabuh hiji siang muriangna rerep."

⁵³ Bapa budak teh ingeteun, jam eta pisan kamari Yesus ngadawuh-Na, "Anak maneh tangtu hirup." Manehna jeung sakulawargana jadi palercaya ka Yesus.

⁵⁴ Eta kaajaiban teh anu kadua anu dipidamel ku Yesus di Galilea, sanggeus sumping ti Yudea.

5¹ Sanggeus eta, Yesus angkat ka Yerusalem, sabab di ditu aya pesta kaagamaan.

² Di Yerusalem, deukeut "Gapura Domba" aya hiji kulah anu ngaranna dina basa Ibrani Betesda. Eta kulah make lima tepas,

³ unggal tepasna pinuh ku nu garering keur ngaredeng, nu lolong, nu deog, jeung nu lumpuh, [keur ngadarago obahna cai eta kulah.

⁴ Sabab sakapeung sok aya malaikat Pangeran lungsur ka eta kulah ngobah-
ngobah caina; lamun geus kitu, anu pangheulana ancrub kana eta kulah, gering naon bae oge tangtu cageur.]

⁵ Di dinya aya hiji jelema anu geringna geus tilu puluh dalapan taun;

⁶ katingalieun ku Yesus keur ngedeng ngagoler jeung kauninga yen geringna geus sakitu lilana. Tuluy dipariksa, "Maneh hayang cageur?"

⁷ Walonna, "Sumuhun, Juragan! Mung upami cai kulah obah, abdi teu aya anu ngabantuan ngancrubkeun, nembe oge nyobi-nyobi parantos kapiheulaan ku nu sanes."

⁸ Pilahir Yesus, "Heug, geura nangtung, samakna pulung, tuluy leumpang."

⁹ Sapada harita eta jelema ngadadak cageur, jung nangtung, samakna dipulung, tuluy mimiti leumpang. Harita kajadianana teh dina poe Sabat,

¹⁰ ku sabab kitu gegeden-gegeden Yahudi ngomong kieu ka eta jelema anu kakara dicageurkeun, "Ayeuna poe Sabat! Eta maneh mawa samak, ngarempak Hukum Agama."

¹¹ Walonna, "Abdi mah dipiwarang ku anu nyageurkeun, saur-Na geura nangtung, samakna bawa tuluy leumpang."

¹² "Saha anu nitahna?" para gegeden mariksakeun.

¹³Tapi eta jelema nu anyar cageur teh teu wawuheun ka Yesus, turug-turug Yesus kahalangan ku nu loba sarta tuluy angkat ti eta tempat.

¹⁴Sanggeus kitu Yesus papendak deui jeung manehna di Bait Allah. "Kieu dengekeun," saur-Na ka manehna, "maneh ayeuna geus cageur. Ulah nyieun deui dosa, bisi matak leuwih cilaka."

¹⁵Eta jelema tuluy bebeja ka para gegeden Yahudi, yen anu nyageurkeun manehna teh Yesus.

¹⁶Ku sabab kitu Yesus ku para gegeden teh mimiti disusahkeun lantaran nyageurkeun dina poe Sabat.

¹⁷Tapi pilahir Yesus, "Rama Kaula teu kendat barangdamel nepi ka ayeuna, Kaula oge kudu kitu."

¹⁸Diwaler kitu maranehna beuki geregeteun, beuki harayangeun maehan ka Anjeunna, sabab ceuk maranehna Anjeunna teh lain ngan ngalanggar hukum Sabat, tapi katambah ku ngangkenkeun anjeun sarua jeung Allah dumeh saur-Na Allah teh Rama-Na.

¹⁹Yesus ngalahir deui, "Kaula rek ngabejakeun hal anu saenyana: Ari Putra mah moal bisa kua-kieu karep-Na sorangan. Anu dipilampah ku Putra teh anu ku Anjeunna katembong dipidamel ku Rama. Rama midamel kitu, Putra oge milampah kitu.

²⁰Ku sabab Rama teh mikaasih ka Putra, sagala rupa padamelana-Na teh dipintonkeun ka Putra-Na. Malah Mantenna bakal mintonkeun anu leuwih ajaib deui, nepi ka aranjeun ngarasa helok.

²¹Sakumaha Rama ngahudangkeun nu paraeh sina harirup deui, Putra Manusa oge bakal ngahirupkeun saha bae anu dikersakeuna-Na.

²²Rama ku manten moal ngahukum ka saha-saha, sabab hak ngahukum sagemblengna geus diserenkeun ka Putra,

²³supaya jalma-jalma kabeh ajrih ka Putra sakumaha ka Rama. Anu henteu ngajenan ka Putra henteu ngajenan ka Rama anu ngutus-Na.

²⁴Kaula ngomong saenyana: Sing saha anu ngaregepkeun omongan Kaula jeung percaya ka anu ngutus Kaula, tinangtu hirup langgeng, moal dihukum, malah ucul tina paeh sarta asup kana hirup.

²⁵Sing percaya lamun ceuk Kaula bakal aya mangsa anu paraeh bakal ngadarenge soara Putra Allah. Eta mangsa ayeuna oge geus mimiti. Anu ngadarenge kana soara-Na tinangtu hirup.

²⁶Sakumaha Rama sumberna hirup, Putra Manusa oge ku Rama dijadikeun sumberna hirup.

²⁷ Rama ka Putra-Na geus nyerenkeun hak pikeun ngahukum, sabab Putra-Na teh Putra Manusa.

²⁸ Ulah hareran, pasti datang mangsa anu paraeh bakal ngadarenge soara Anjeunna,

²⁹ tuluy kalaluar ti jero kuburna. Anu keur hirupna hade, harudangna bakal terus kana hirup langgeng, anu keur hirupna jahat harudangna pikeun narima hukumanana."

³⁰ "Kumaha hukumanana, Kaula henteu kawasa nangtukeun sorangan, kumaha ditimbalkeunana ku Rama bae. Eta sababna hukuman ti Kaula bakal adil, lain ngahukum sakarep-karep, tapi ngajalankeun pangersa nu ngutus.

³¹ Hal ihwal Kaula nu saenyana, ari diomongkeunana ku Kaula keneh mah teu bisa dipercaya benerna.

³² Tapi anu mere panyaksi tina hal Kaula teh jalma sejen, sarta Kaula terang yen panyaksina bener.

³³ Aranjeun geus ngirim utusan ka Yohanes; nya Yohanes anu mertelakeun hal ihwal Kaula teh, sarta pertelaan anjeunna bener.

³⁴ Kaula nyabit hal ieu lain ku sabab butuh ku pertelaan ti manusa, tapi ku sabab hayang supaya aranjeun salamet.

³⁵ Yohanes teh lir lampu anu hurung caang ngempray, saharitaeun mah aranjeun raresep kana caangna.

³⁶Tapi Kaula sorangan bisa mere pertelaan anu leuwih jembar ti batan anu dipertelakeun ku Yohanes; anu dilampahkeun ayeuna ku Kaula teh papancen ti Rama, jadi bukti yen Kaula teh diutus ku Rama.

³⁷Sarta Rama oge, anu ngutus Kaula, maparin panyaksi tina hal Kaula. Aranjeun can ngadarenge soanten-Na, can naringal kana tameunteu-Na,

³⁸timbalana-Na ku aranjeun henteu disimpen dina hate, lantaran aranjeun henteu percaya ka Kaula, utusan Mantenna.

³⁹Aranjeun ngarulik Kitab Suci, sabab ceuk pikiran aranjeun baris manggihkeun hirup langgeng ti dinya. Tah eta Kitab Suci teh mere pertelaan hal Kaula!

⁴⁰Tapi aranjeun embung datang ka Kaula, ari hirup langgeng hayang!

⁴¹Kaula lain rek malar pamuji ti manusa,

⁴²Kaula terang aranjeun jalma kumaha, hate aranjeun taya kanyaah ka Allah.

⁴³Kaula, anu datang make kakawasaan Rama, ku aranjeun teu ditarima, ari anu datang make kakawasaanana sorangan ditarima.

⁴⁴Aranjeun resep dipuji ku pada jalma, henteu ihtar sangkan meunang pamuji ti Allah Nu Maha Esa. Atuh rek percaya ka Kaula kumaha?

⁴⁵Tapi ulah nyangka Kaula bakal ngadakwakeun aranjeun ka Allah Rama. Anu

bakal ngadakwakeun aranjeun teh malah Musa, anu ku aranjeun dijieun harepan.

⁴⁶ Lamun enya ge aranjeun percaya kana pilahir Musa tangtu percaya ka Kaula, sabab anu diserat ku Musa teh pertelaan hal Kaula.

⁴⁷ Tapi ku sabab aranjeun teu percaya ka anu dipertelakeun ku Musa, rek percaya ka Kaula kumaha?"

6 ¹Ti dinya Yesus jengkar, meuntasan Talaga Galilea (sok disebut oge Talaga Tiberias).

²Jalma-jalma naluturkeun, loba pisan, lantaran geus narenjo Anjeunna ngadamel kaajaiban nyageurkeun anu gering.

³Sanggeus aya di peuntas, Anjeunna unggah ka hiji pasir, calik jeung murid-murid.

⁴Harita geus deukeut kana Pesta Paska.

⁵Yesus soca-Na ngulincer, katingalieun jalma-jalma ngaburubul nyalampeurkeun. Anjeunna mariksa ka Pilipus, "Ka mana bisa meuli dahareun keur nyuguhan jelema sakitu lobana?" saur-Na mariksa ka Pilipus

⁶(seja nguji, da Anjeunna mah geus uningaeun kudu midamel kumaha.)

⁷Walon Pilipus, "Sanaos naredana saeutik sewang oge, kangge meser tedaueunana kedah aya artos langkung ti dua ratus uang perak."

⁸Murid anu ngaran Andreas dulurna Simon Petrus unjukan,

⁹"Itu aya budak gaduheun roti lima siki sareng lauk dua siki, nanging tangtos moal matak cekap."

¹⁰Saur Yesus, "Jelema-jelema sina dariuk." (Eta tempat loba jukutna.) Jalma-jalma tuluy dariuk, kabehna aya kira-kira lima rebu urang.

¹¹Yesus nyandak roti tuluy muji sukur ka Allah, rotina sina terus dibagikeun ka nu keur dariuk. Lauk oge dibagikeun sanggeus Anjeunna muji sukur kawas tadi. Jalma-jalma dalaharna nepi ka sareubeuheun.

¹²Beres dalaharna, Yesus ngalahir ka murid-murid, "Kumpulkeun sesana, ulah aya anu kapiceun."

¹³Tuluy sesa anu teu kadahar teh dikumpulkeun, meunang dua welas karanjang pinuh tina asal roti lima siki.

¹⁴Narenjo Anjeunna ngadamel kaajaiban, jelema-jelema ngaromong kieu, "Anjeunna tangtu Nabi anu keur diarep-arep sumpingna ka dunya."

¹⁵Yesus uningaeun yen rek direreyang ku maranehna, rek dipaksa dijadikeun raja. Ku sabab eta Anjeunna nyungkir ti dinya nyalira bae ka lebah pasir-pasir.

¹⁶Barang reup peuting murid-murid Yesus tarurun ka talaga,

¹⁷tarumpak parahu, tuluy meuntas rek ka Kapernaum. Geus beuki peuting, tapi Yesus tacan aya keneh.

¹⁸ Sabot kitu datang angin gede, talaga jadi motah.

¹⁹ Sanggeus balayarna kira-kira lima atawa genep kilometer, breh Anjeunna katembong ku murid-murid keur angkat napak kancang dina cai, beuki deukeut kana parahu.

Maranehna kacida sarieuneunana.

²⁰ "Ulah sarieun," saur Yesus ka maranehna, "Kami ieu teh!"

²¹ Geus kitu mah malah maranehna aratoheun narima Anjeunna kana parahu, sarta gancang nepina ka anu dijugjug.

²² Poe isukna jelema-jelema teh araya keneh di tempat kamari di sisi talaga, sarta kamari nanganan yen parahu ngan aya hiji. Maranehna nyarahoeun yen murid-murid Yesus geus arindit make parahu eta, tapi arinditna henteu jeung Anjeunna.

²³ Sabot kitu aya sababaraha parahu daratang ti kota Tiberias, balabuh deukeut tempat kamari maranehna dalahar roti tina berkah pamuji sukurna Gusti tea.

²⁴ Sanggeus tetela Yesus jeung murid-murid-Na teu aya di dinya, jalma-jalma teh tuluy naraek kana eta parahu-parahu, rek nareangan Yesus ka Kapernaum.

²⁵ Sanggeus Yesus kapendak di peuntas, maranehna naranya, "Dipi Pa Guru iraha sumping ka dieu?"

²⁶ Waler Yesus, "Saenyana maraneh nareangan Kami teh lantaran geus dibarere

dahar nepi ka sareubeuh, lain ku sabab ngarti kana tujuan Kami nyieun eta kaajaiban.

²⁷ Ari digarawe ulah ngarah meunang dahareun anu keuna ku buruk, kudu ngarah anu awet, anu ngalantarankeun bisa hirup langgeng. Nya dahareun anu kitu anu rek dibikeun ka maraneh ku Putra Manusa teh, sabab Anjeunna ku Allah Rama geus dibere kawasa."

²⁸ Piunjuk maranehna, "Kedah kumaha atuh abdi-abdi supados tiasa ngalampahkeun pangersa Allah?"

²⁹ Waler Yesus, "Kudu percaya ka anu diutus ku Allah! Kitu pangersa-Na teh."

³⁰ Piunjuk maranehna deui, "Bade midamel kaahengan naon kangge tawisna anu tiasa katingal ku abdi-abdi, supados abdi-abdi percaya ka Pa Guru? Bade midamel naon?"

³¹ Karuhun abdi-abdi waktos di gurun keusik ngadalahar manna, sakumaha kaungel dina Kitab Suci, Maranehna ku Anjeunna dibere dahareun, roti ti sawarga."

³² Waler Yesus, "Anu mere roti ti sawarga Iain Musa. Sing percaya, anu maparin roti anu saestuna ti sawarga mah Ama Kami.

³³ Eta roti ti Allah teh nya Anjeunna, anu lungsur ti sawarga, anu mere hirup ka alam dunya."

³⁴ "Juragan," piunjuk maranehna, "mugi sing saterasna eta roti teh dipaparinkeunana ka abdi-abdi."

³⁵ Saur Yesus, "Eta roti anu matak hirup teh kapan ieu, Kami. Jalma anu datang ka Kami moal nyorang lapar deui, anu percaya ka Kami moal nyorang halabhab deui.

³⁶ Tapi ceuk Kami oge, sanajan maraneh geus narenjo ka Kami moal palercaya.

³⁷ Jelema anu ku Rama dipaparinkeun ka Kami, tangtu datang ka Kami sarta ku Kami moal datang ka ditolak,

³⁸ sabab Kami datang ka dunya teh lain pikeun ngajujur karep sorangan, tapi pikeun ngalampahkeun pangersa anu ngutus.

³⁹ Ari pangersa-Na teh nya eta, saha bae, anu ku Mantenna dipaparinkeun ka Kami, saurang oge ulah aya anu lapur, dina Poe Kiamat kabeh kudu dihudangkeun ku Kami.

⁴⁰ Kitu kahoyong-Na Rama Kami, sakur anu geus narenjo jeung percaya ka Putra-Na, kabeh kudu diganjar hirup langgeng. Anu matak dina Poe Kiamat tangtu maranehna ku Kami diharudangkeun sina harirup deui."

⁴¹ Barang Yesus nyaurkeun, "Kami teh roti anu turun ti sawarga," jelema-jelema jadi recok,

⁴² pokna, "Naon, roti ti sawarga? Lain Yesus tea eta teh, anak Yusup? Bapa-Na, indung-Na, urang ge nyaho!"

⁴³ Pilahir Yesus, "Geus, ulah raribut!

⁴⁴ Memang moal aya anu bisa datang ka Kami lamun henteu ditarik ku Rama ku manten. Jeung sakur anu datang ka Kami,

tangtu ku Kami bakal dihirupkeun dina Poe Kiamat.

⁴⁵ Kaungel dina kitab nabi-nabi, yen, Unggal jelema bakal diwuruk ku Allah. Sakur anu ngaregepkeun jeung nurut kana piwuruk Rama, tangtu datang ka Kami.

⁴⁶ Tapi lain hartina aya jalma anu geus nenjo Rama. Anu geus nenjo ka Rama mah ngan Anjeunna saurang, sabab Anjeunna mah asalna ti Allah.

⁴⁷ Kami ngomong saenyana, anu percaya ka Anjeunna tangtu bakal hirup langgeng.

⁴⁸ Kami teh roti anu matak hirup.

⁴⁹ Karuhun maraneh di gurun keusik dalahar manna, tapi maraot mah maraot bae.

⁵⁰ Tapi anu dahar roti anu turun ti sawarga mah moal keuna ku paeh.

⁵¹ Eta roti anu ti sawarga teh ieu, Kami. Anu ngadaharna tangtu hirup salalawasna. Eta roti teh nya eta daging Kami, anu baris diserenkeun pikeun ngahirupan jalma-jalma di dunya."

⁵² Ngadarenge kitu teh jalma-jalma terus hog-hag jeung baturna keneh, pokna, "Rek kumaha dibikeunna supaya daging-Na dihakan teh?"

⁵³ Pilahir Yesus, "Sing percaya, Iamun maraneh henteu ngadahar daging Putra Manusa jeung henteu nginum getih-Na, diri maraneh moal aya hirupna.

54 Anu ngadahar daging Kami jeung nginum getih Kami, bakal hirup langgeng, jeung dina Poe Kiamat ku Kami bakal dihudangkeun.

55 Sabab daging Kami teh sajatina kadaharan, getih Kami sajatina inuman.

56 Anu ngadahar daging Kami jeung nginum getih Kami, bakal hirup di Kami, nya kitu deui Kami bakal hirup di manehna.

57 Kami diutus ku Rama anu jumeneng hirup, sarta ku karana Mantenna Kami oge hirup. Nya kitu keneh sakur anu ngadahar daging Kami bakal hirup ku karana Kami.

58 Nya ieu Kami, roti anu turun ti sawarga teh. Anu ngadahar ieu roti bakal hirup salalanggenga. Roti anu didalahar ku karuhun maraneh mah lain roti anu ieu, anu matak tetep bae ahirna mah maraot."

59 Yesus ngawulangkeun hal ieu teh di Kapernaum, di imah ibadah.

60 Loba panganut Yesus anu ngaromongkeun eta piwulang, pokna, "Beurat teuing eta pangajaran teh! Saha nu bisa narima?"

61 Yesus oge uningaeun yen loba anu ngaromel kitu, tuluy ngalahir ka maranehna, "Maraneh rek malundur ku hal ieu?

62 Lamun kitu, kumaha upama engke maraneh narenjo Putra Manusia mulang ka tempat asal-Na?

63 Anu mere hirup teh Roh Allah, kakuatan manusia mah taya gunana naon-naon. Anu ku

Kami dicaturkeun teh nya eta Roh Allah anu mere hirup.

⁶⁴Tapi di maraneh aya anu henteu palercaya kana hal eta." (Ti samemehna oge Yesus memang geus uningaeun, mana nu bakal moal percaya, jeung saha anu bakal ngahianat ka Anjeunna.)

⁶⁵Pilahir-Na deui, "Nya ieu sababna nu matak Kami nyebutkeun yen moal aya anu bisa datang ka Kami lamun lain ku pangersa Rama."

⁶⁶Ti semet harita loba panganut Yesus anu naringgalkeun ka Anjeunna, embungeun marilu deui.

⁶⁷"Kumaha ari maraneh, arek milu naringgalkeun?" Yesus mariksa ka murid-murid-Na.

⁶⁸"Gusti," ceuk Simon Petrus, "ka saha abdi-abdi kedah indit upami ngantunkeun? Gusti nu kagungan pangandika nu maparin hirup langgeng.

⁶⁹Abdi-abdi percanten, sareng yakin Gusti teh Utusan Suci ti Allah."

⁷⁰Pilahir Yesus, "Kami milih maraneh teh dua welas urang, lain? Tapi anu saurang mah roh jahat!"

⁷¹Anu dimaksad ku Anjeunna nya eta Yudas bin Simon Iskariot, sabab manehna enya oge murid Anjeunna keneh, engkena bakal ngahianat ka Anjeunna.

7 ¹Ti dinya Yesus angkat, ngider di Galilea; Anjeunna teu kersaeun ka Yudea, sabab diarah ku gegeden-gegeden Yahudi rek ditelasan.

²Harita geus deukeut kana waktu pesta anu disebut Pesta Saung Daun.

³Ceuk saderek-saderek-Na ka Anjeunna, "Coba lunta ti dieu ka Yudea. Di ditu mah naon-naon anu dilampahkeun ku Anjeun tangtu katembong ku para panganut.

⁴Moal aya jalma anu hayang kawentar nyumputkeun gawena. Anjeun oge, sing katembong ku saalam dunya atuh eta gawe Anjeun kitu teh!"

⁵(Saderek-saderek-Na oge teu palercayaeun ka Anjeunna teh.)

⁶Waler Yesus, "Ayeuna mah tacan waktuna. Keur aranjeun mah memang bisa unggal waktu.

⁷Ka aranjeun mah mustahil dunya ngewaeun. Ari ka Kami mah dunya teh ngewaeun, lantaran Kami terus-terusan nyebutkeun jahat kalakuanana.

⁸Pek bae aranjeun rek indit kana pesta mah, Kami mah moal, tacan waktuna."

⁹Kitu saur Yesus ka saderek-saderek-Na, Anjeunna mah tetep di Galilea.

¹⁰Tapi sanggeus saderek-saderek-Na arindit, Yesus oge angkat kana eta pesta; rerencepan bae henteu terang-terangan.

¹¹ Gegeden-gegeden urang Yahudi, pada nareangan Anjeunna, bari ngaromong, "Di mana eta jelema teh?"

¹² Jalma-jalma loba anu tingharewos ngaromongkeun Anjeunna, pokna, "Jalmi hade Anjeunna teh." Ceuk nu sawareh deui, "Lain, malah nyasabkeun rahayat."

¹³ Ngaromongna teu waranieun terang-terangan, sarieuneun ku gegeden-gegeden Yahudi.

¹⁴ Tengah-tengah pesta Yesus lebet ka Bait Allah tuluy ngawulang.

¹⁵ Gegeden-gegeden kacida hareraneunana, tuluy ngaromong kieu, "Geuning rea kanyaho-Na, lain teu diajar naon-naon Manehna teh?"

¹⁶ Yesus ngawaler, "Ieu pangajaran lain pangajaran ti Kaula pribadi, tapi ti Allah anu ngutus Kaula.

¹⁷ Anu daek ngalampahkeun pangersa Allah mah bakal ngartieun, nu diucapkeun ku Kaula teh naha ti Allah atawa ti Kaula sorangan.

¹⁸ Anu ngajarkeun pangartina sorangan, tangtu ngarah pamuji keur dirina sorangan. Sabalikna anu mikahayang supaya anu dimulyakeun teh anu ngutusna, eta jelema jujur, taya kapalsuanana.

¹⁹ Aranjeun ku Musa dibere Hukum Allah, tapi aranjeun saurang ge teu aya nu nurut! Ku naon Kaula ku aranjeun rek dipaehan?"

²⁰"Boa Anjeun teh kasurupan!" ceuk jalma rea. "Saha anu rek maehan ka Anjeun teh?"

²¹ Waler Yesus, "Kaula nyieun hiji kaajaiban dina poe Sabat, aranjeun heran.

²² Musa marentahkeun supaya aranjeun nyunatan anak lalaki (sanajan sunat teh mimitina ti karuhun, lain ti Musa). Ku sabab aya parentah kitu, aranjeun nyunatan, sanajan dina poe Sabat.

²³ Pangna maraneh nepi ka nyunatan dina poe Sabat teh supaya henteu ngarempak Hukum Musa tina hal sunat. Ku sabab kitu ku naon arambek dumeh Kami nyageurkeun sakujur awak hiji jelema dina poe Sabat?

²⁴ Ulah ngahukum make dasar bukti lahirna, kudu make dasar kaadilan."

²⁵ Aya sawatara urang Yerusalem ngaromong kieu, "Lain rek dipaehan ku para gegeden Anjeunna teh?

²⁶ Itu geuning keur sasauran ka jalma rea, para gegeden teu majar kumaha! Naha pedah aruningaeun yen Anjeunna enya Kristus?

²⁷ Tapi kapan Kristus mah moal aya anu nyaho ti mana sumping-Na. Ari Anjeunna mah tetela ti mana asalna."

²⁸ Waktu Yesus ngawulang di Bait Allah, kieu saur-Na, "Enya maraneh teh nyaraho ka Kami jeung ti mana asal Kami? Kami datang teh lain kahayang sorangan, aya anu ngutus. Anu ngutusna maha saestu. Maraneh teu nyaraho ka Mantenna,

²⁹ari Kami mah nyaho, sabab asal ti Mantenna, anu ngutus."

³⁰Jalma-jalma teh karepna mah harita rek nyerek ka Anjeunna, tapi teu aya anu wanieun, kawantu tacan nepi kana wanci Anjeunna.

³¹Tapi loba oge anu palercayaeun ka Anjeunna teh, aromongna, "Lamun Kristus sumping, naha iasaeun nyieun kaajaiban leuwih ti ieu jelema?"

³²Urang Parisi nyarahoeun yen jalma-jalma tingharewos kitu perkara Yesus, tuluy maranehna jeung imam-imam kapala, ngirim sababaraha urang pangawal Bait Allah pikeun nangkep Yesus.

³³Saur Yesus, "Kami aya di maraneh teh moal lila. Sakeudeung deui oge Kami kudu mulang ka anu ngutus.

³⁴Ku maraneh ditareangan oge moal kapanggih, sabab maraneh moal bisa nepi ka tempat Kami."

³⁵Para gegeden Yahudi ngaromong pada batur, "Rek indit ka mana Manehna nepi ka moal kapanggih ku urang teh? Rek ka kota-kota di Yunani nu aya bangsa Yahudina, terus ngajar ka urang Yunani?

³⁶Carek-Na najan ditareangan oge ku urang moal kapanggih, jeung urang moal bisa nepi ka tempat-Na. Naon maksud-Na?"

³⁷Dina panutupan pesta, poe anu pangpentingna, Yesus ngadeg tuluy ngalahir

tarik, "Saha-saha nu halabhab, hiap ka Kami nginum!"

³⁸ Sakumaha ceuk Kitab Suci, Anu percaya ka Kami, bakal boga cinyusu sumber hirup ngaburial di jero hatena."

³⁹ Anu dimaksud ku Anjeunna nya eta Roh Allah, anu bakal katarima ku sakur anu percaya ka Anjeunna. Harita Roh Allah teh tacan dipaparinkeun, sabab Yesus tacan dimulyakeun.

⁴⁰ Ti anu ngabarandungan pilahir-Na aya anu ngaromong kieu, "Anjeunna pasti Nabi anu keur didago-dago tea!"

⁴¹ Ceuk nu sejen, "Anjeunna tangtu Kristus!" Ceuk nu sejen deui, "Kristus mah datangna moal ti Galilea.

⁴² Ceuk Kitab Suci, Kristus teh turunan Raja Daud, medalna di Betlehem, kota pangcalikan Daud."

⁴³ Jalma-jalma jadi pasalia paham perkara Anjeunna.

⁴⁴ Aya oge anu harayangeun nyerek ka Anjeunna, tapi teu aya anu wanieun nyekel-nyekel acan.

⁴⁵ Anu dititah nangkep Yesus geus baralik. "Mana eta jelema teh, ku naon teu dibawa?" ceuk imam-imam jeung urang Parisi.

⁴⁶ "Jalmi biasa mah moal tiasa ngalahir kitu sapertos Anjeunna," walonna.

⁴⁷ "Kutan maraneh oge kagendam?" ceuk urang Parisi.

⁴⁸"Na aya ti lebah kami, para gegeden atawa urang Parisi, anu ku maraneh kanyahoan percaya ka eta jelema?

⁴⁹Jalma-jalma nu kaolo ku Manehna tandaning teu nyaraho kana Hukum Musa, geus tangtu bakal disapa ku Allah!"

⁵⁰Di antara eta urang Parisi aya Nikodemus, urang Parisi anu kungsi datang ka Yesus tea, ngomong ka batur-baturna,

⁵¹"Nurutkeun Hukum Agama urang, jelema ulah waka dihukuman samemeh didenge heula keteranganana jeung dipariksa kalakuanana."

⁵²"Ari kitu," ceuk maranehna, "anjeun oge urang Galilea? Coba pariksa Kitab Suci, tangtu kanyahoan yen taya nabi anu asalna ti Galilea."

⁵³[Sanggeus masing-masing baralik,
8¹Yesus terus angkat ka Gunung Jetun.
²Isukna isuk-isuk keneh geus di Bait Allah. Jelema-jelema tuluy daratang, Yesus calik tuluy ngawulang.

³Sabot kitu aya guru-guru agama jeung urang Parisi mawa hiji awewe anu kacerek keur jinah.

⁴Eta awewe ditangtungkeun hareupeun sarerea. "Guru," ceuk maranehna, "ieu awewe katangkep keur jinah.

⁵Awewe kitu nurutkeun Hukum Musa kudu dipaehan, dibaledogan ku batu. Kumaha ari ceuk Pa Guru?"

⁶ Maranehna saenyana ngadoja, ngarah kalepatan Anjeunna. Tapi Anjeunna anggur dongko, curat-coret dina taneuh ku rema-Na.

⁷ Maranehna maksa marenta diwaler. Yesus cengkat ajeg, tuluy ngalahir, "Saha anu teu boga dosa, nu mana bae, pek maledog pangheulana ka eta awewe."

⁸ Anjeunna dongko deui curat-coret dina taneuh kawas tadi.

⁹ Diwaler kitu jelema-jelema anu ngadaroja teh tingkolesed saurang-saurang, nungtutan ti nu kolotan heula, ahirna ngan kari Yesus jeung awewe tea.

¹⁰ Yesus cengkat tuluy ngalahir, "Ka marana maranehna? Euweuh anu ngahukum ka maneh?"

¹¹ "Sumuhun teu aya, Juragan," walonna. "Kami oge moal ngahukum," saur Yesus, "jig geura mulang, tapi ulah deui-deui nyieun dosa."]

¹² Yesus sasauran deui ka urang Parisi, saur-Na, "Kaula teh caangna dunya. Anu anut ka Kaula moal nyorang anu poek, sabab ngabogaan caang kahirupan."

¹³ Ari ceuk urang Parisi, "Kaayaan Anjeun kitu henteu bisa dipercaya, sabab diterangkeunana ku Anjeun keneh."

¹⁴ Waler Yesus, "Najan Kaula keneh anu nerangkeunana, tapi sah benerna, sabab Kaula terang kana asal jeung pangbalikan

sorangan. Aranjeun mah henteu terang Kaula asal ti mana jeung kudu mulang ka mana.

¹⁵ Aranjeun ngahukuman teh nurutkeun patokan manusa, ari Kaula mah moal ngahukum ka saha-saha.

¹⁶ Tapi upama Kaula kudu ngahukuman tangtu adil, sabab ngahukumananana henteu sorangan, tapi disareangan ku Rama, anu ngutus Kaula.

¹⁷ Dina Hukum Musa disebutkeun, yen keterangan ti dua saksi tangtu bener.

¹⁸ Kaula mere keterangan perkara diri Kaula, saksina Kaula pribadi jeung Rama Kaula, anu ngutus."

¹⁹ "Mana Rama Anjeun?" ceuk maranehna. "Aranjeun teu terang ka Kaula, teu terang ka Rama Kaula," waler Yesus. "Lamun aranjeun terang ka Kaula, ka Rama Kaula oge tangtu terang."

²⁰ Yesus ngalahir kitu teh waktu anjeunna ngawulang di Bait Allah, di kamar paranti neundeun peti-peti duit derma. Saurang ge teu aya anu wanieun nangkep ka Anjeunna, sabab tacan nepi kana waktuna.

²¹ Yesus ngalahir deui, "Upama Kaula geus mulang, ku aranjeun bakal ditareangan, tapi moal kapanggih sabab aranjeun moal bisa ka tempat Kaula, bakal maraot ku dosa sorangan."

²² Ceuk para gegeden Yahudi, "Carek-Na urang moal nepi ka tempat anu ku Manehna

rek dijugjug. Na rek maehan maneh kitu eta teh?"

²³Pilahir Yesus, "Aranjeun asal ti handap, ti ieu dunya. Ari Kaula mah asal ti luhur. Aranjeun asal ti dunya, Kaula mah lain ti ieu dunya.

²⁴Anu matak ceuk Kaula tadi aranjeun bakal maraot dina dosa. Tangtu aranjeun teh bakal maraot dina dosa, lamun teu palercaya yen Kami teh Anu Jumeneng."

²⁵"Saha kitu Anjeun teh?" ceuk maranehna. Waler Yesus, "Ongkoh geus dibejakeun ku Kaula ti mimiti keneh.

²⁶Loba piomongeun Kaula perkara aranjeun jeung perkara pihukumeun aranjeun teh. Tapi Mantenna, anu ngutus Kaula, maha saestu, sarta anu ku Kaula diomongkeun ka dunya teh nya eta anu ku Kaula kadenge ti Mantenna."

²⁷Anu dimaksad ku Anjeunna nya eta Rama, Allah. Tapi ku maranehna teu kahartieun.

²⁸Saur Yesus deui, "Aranjeun kakara bakal terang yen Kaula teh Anu Jumeneng, lamun Putra Manusa ku aranjeun geus dijungjung ka luhur. Lamun geus kitu, kakara aranjeun terang yen saucap-ucap Kaula estu numutkeun timbalan Rama, Kaula pribadi teu kawasa kana karep sorangan.

²⁹Ku sabab kitu Kaula salawasna disareangan bae ku Mantenna anu ngutus. Kaula ku

Mantenna tara dikantun, sabab salawasna nyieun anu kamanah ku Mantenna."

³⁰ Loba anu palercaya kana sagala pilahir Yesus harita.

³¹ Yesus ngalahir ka anu geus palercaya, saur-Na, "Lamun maraneh nurut kana piwuruk Kami, bener maraneh teh murid-murid Kami,

³² sarta bakal nyaraho ka Anu saestu, sarta ku Anu saestu maraneh bakal dibebaskeun."

³³ Walon jalma-jalma, "Kaula kabeh turunan Ibrahim, tacan nepi ka ngawula ka saha-saha. Naon maksudna kecap, maraneh bakal dibebaskeun?"

³⁴ Waler Yesus, "Kieu saenyana: Sing saha anu migawe dosa, ngawula kana dosa.

³⁵ Jalma kumawula lain anggota kulawarga anu tetep; anggota kulawarga anu tetep mah anak anu boga imah.

³⁶ Lamun maraneh geus dibebaskeun ku Putra, enya-enya maraneh bebas.

³⁷ Kami nyaho maraneh anak-anak Ibrahim. Tapi maraneh rek maehan ka Kami, lantaran arembung narima piwuruk Kami.

³⁸ Kami ngomongkeun perkara anu geus ditembongkeun ku Rama Kami, ari maraneh mah ngalakonan nu diajarkeun ku bapa maraneh."

³⁹ "Rama kaula mah Ibrahim," walon jalma-jalma. Waler Yesus, "Lamun enya maraneh putra-putra Ibrahim, tangtu nulad kana lampah anjeunna.

⁴⁰Tapi maraneh mah anggur rek maehan ka Kami, dumeh Kami ngomongkeun hal anu saenyana, anu ku Kami kadenge ti pangersa Allah. Padahal Ibrahim mah henteu cara maraneh.

⁴¹Anu diturut ku maraneh mah kalakuan bapa maraneh." "Rama kaula taya deui lian ti Allah. Kaula kabeh putra-Na ku manten," walon jalma-jalma.

⁴²Pilahir Yesus, "Lamun enya Rama maraneh teh Allah, tangtu nyaraah ka Kami, sabab Kami asal ti Allah. Tah ieu Kami, datang teh lantaran diutus ku Mantenna, lain datang karep sorangan.

⁴³Ku naon nu matak maraneh teu ngarti ka anu dicaturkeun ku Kami? Sababna lantaran maraneh teu tahan ngadenge piwuruk Kami.

⁴⁴Saenyana maraneh teh anak Iblis, anu ditarurut oge kahayang Iblis, bapa maraneh. Ti mimiti keneh oge Iblis geus jadi tukang maehan, tara mihak ka nu bener, lantaran teu kaancikan ku sipat bener. Ana Iblis bohong, memang geus bakatna tukang bohong, bapana sagala bohong.

⁴⁵Tapi Kami mah ngomongkeun anu saenyana, sarta nya eta sababna pangna maraneh teu percaya ka Kami.

⁴⁶Cik ti maraneh, saha anu bisa ngabuktikeyen Kami boga dosa? Anu diomongkeun ku Kami kabeh saestuna, ku naon teu dipercaya?

⁴⁷ Ari maraneh asal ti Allah mah tangtu nurut kana sagala timbalana-Na. Lain ti Allah maraneh mah! Eta sababna pangna maraneh arembung percaya oge."

⁴⁸ Walon jalma-jalma, "Lain bener sakumaha ceuk kaula yen, Anjeun teh urang Samaria, jeung kaasupan setan?"

⁴⁹ "Kami henteu kaasupan setan," waler Yesus. "Kami hormat ka Rama, ku maraneh dihina.

⁵⁰ Kami henteu nyiar kahormatan sorangan. Aya Hiji anu ngusahakeun kahormatan Kami jeung bakal ngabela.

⁵¹ Sing saha anu nurut kana piwuruk Kami, salalawasna moal paeh. Sing percaya!"

⁵² Walon jalma-jalma, "Nyaho ayeuna mah, tetela Anjeun teh kaasupan setan! Make nyebutkeun, Anu nurut kana piwuruk Kami salalawasna moal paeh, geuning Ibrahim pupus, nabi-nabi parupus.

⁵³ Rama kaula, Ibrahim pupus, nabi-nabi pon kitu deui, parupus. Rek ngaku leuwih punjul ti batan Ibrahim Anjeun teh? Cik, saha kitu ari Anjeun pangrasa teh?"

⁵⁴ Waler Yesus, "Lamun Kami ngagungkeun diri sorangan memang taya hartina. Tapi anu ngagungkeun Kami teh Rama Kami, anu ceuk maraneh Allah maraneh.

⁵⁵ Maraneh teu nyaraho ka Mantenna, ari Kami mah nyaho. Nu matak lamun Kami nyebut teu nyaho ka Mantenna, eta kakara

bohong, cara maraneh. Tapi Kami teh nyaho jeung nurut kana timbalana-Na.

⁵⁶ Bapa maraneh, Ibrahim, basa uningaeun yen bakal ningali poean Kami datang ka dunya, manahna geus suka. Ayeuna, sanggeus hal eta kajadian, manahna kacida sukaeunana."

⁵⁷ Ceuk urang Yahudi, "Na Anjeun geus nenjo Ibrahim? Umur Anjeun can aya lima puluh taun!"

⁵⁸ Waler Yesus, "Saenyana, memeh Ibrahim dijurukeun, Kami geus jumeneng."

⁵⁹ Tungtungna top bae maranehna marulung batu rek maledogan ka Anjeunna, tapi Anjeunna ngereles kaluar ti Bait Allah.

9 ¹Sabot keur angkat, Yesus ningali jalma lolong ti barang lahir.

²Murid-murid naranya ka Anjeunna, "Pa Guru, dosa saha dugi ka eta jalmi teh lolong bawa ngajadi? Dosana sorangan atanapi dosa kolotna?"

³Waler Yesus, "Lolongna lain ku karana dosana sorangan atawa dosa kolotna, tapi supaya jalma-jalma narenjo kakawasaan Allah barangdamel dina diri manehna.

⁴Meungpeung beurang keneh urang kudu ngalampahkeun gawe ti Mantenna, anu ngutus Kami. Ti peuting mah moal aya nu bisa baranggawe.

⁵Ari Kami, sapanjang di dunya keneh, Kami teh caangna alam dunya."

⁶Sanggeus ngalahir kitu Anjeunna ngaludah kana taneuh, Iudah-Na digaley jeung taneuh nepi ka jadi leutak, terus dipopokkeun kana panon eta nu lolong.

⁷sarta kieu saur-Na, "Ka ditu maneh sibeungeut ka Kulah Siloam!" (Siloam hartina "Diutus".) Nu lolong teh indit tuluy sibeungeut, ari datang deui geus nenjo.

⁸Tatangga-tatanggana jeung anu sok narenjo manehna musapir tingtaranya, "Lain anu sok diuk baramaen tea eta jelema teh?"

⁹"Enya," ceuk sawareh. Tapi ceuk nu sawareh deui, "Lain, eta mah anu sakarupa." Ari ceuk jelemana sorangan, "Enya, ieu kuring!"

¹⁰"Geuning eta bisa nenjo, kumaha?" ceuk anu naranyakeun.

¹¹Walonna, "Panon kuring dipopokan leutak ku jalmi anu jenenganana Yesus, tuluy dipiwarang sibeungeut ka Kulah Siloam. Kuring nurut, ari sibeungeut ari bray bisa ningal."

¹²"Mana ayeuna jelemana?" maranehna naranya. "Duka, teu terang," walonna.

¹³Eta jelema anu asalna lolong tuluy dibarawa ka urang Parisi.

¹⁴Yesus ngadamel popok leutak pikeun nyageurkeun eta jelema teh dina poe Sabat.

¹⁵Eta jelema ku urang Parisi dipariksa ku naon pangna jadi bisa nenjo. Walonna, "Ku

Anjeunna panon abdi dipopokan ku leutak, abdi teras sibeungeut, ayeuna tiasa ningal."

¹⁶Ceuk sawareh urang Parisi, "Mustahil jelema kitu utusan Allah, geuning henteu tunduk kana aturan Sabat!" Ceuk urang Parisi sawareh deui, "Tapi piraku jelema dosa mah bisaeun nyieun kaajaiban sarupa kitu!" Tungtungna maranehna jadi pabentar.

¹⁷Ku sabab kitu urang Parisi teh nanya deui ka eta jelema, "Maneh geus ngaku dicageurkeun ku eta jelema, cik, kumaha anggapan maneh ka eta jelema?" "Anjeunna nabi," walonna.

¹⁸Tapi gegeden-gegeden urang Yahudi arembungeun percaya yen eta jelema teh asalna lolong, nepi ka tuluy nyalukan indung bapana,

¹⁹tuluy dipariksa, "Bener eta anak maneh? Pajar lolong ti barang dijurukeun, geuning bisaeun nenjo, kumaha?"

²⁰Jawab kolotna, "Sumuhun, eta teh pun anak, sareng leres parantos lolong ti barang lahir.

²¹Nanging halna tiasa ningal mah duka teu terang, saha anu nyageurkeunana, sami keneh teu terang. Sae pariksa jinisna bae da parantos baleg, tangtos tiasaeun nerangkeun."

²²Ngajawab kitu soteh awahing ku sieun, lantaran para gegeden teh geus samupakat, lamun aya jelema anu percaya yen Yesus teh

Kristus, baris dihukum, teu meunang asup ka imah ibadah.

²³Anu matak ngajawabna teh, "Sae pariksa jinisna bae da parantos baleg!"

²⁴Seug jelema anu asalna lolong teh dicalukan deui, tuluy diancam kieu, "Maneh kudu sumpah demi Allah baris ngomong bener! Kami nyaho, jelema anu nyageurkeun maneh teh jelema dosa."

²⁵"Anjeunna jalmi dosa atanapi sanes, abdi teu terang," walonna. "Terang soteh abdi tadina lolong, ayeuna parantos tiasa ningal."

²⁶"Dikumahakeun ku itu teh?" gegeden mariksa deui. "Kumaha nyageurkeunana ka maneh?"

²⁷"Ongkoh ku abdi parantos disanggemkeun, mung Juragan-juragan teu kalersa ngadangu. Ku naon haroyong ngadangu deui? Haroyong jadi murid Anjeunna kitu Juragan-juragan oge?" walonna.

²⁸Para gegeden arambek tuluy nyarekan pokna, "Nya maneh murid-Na! Kami mah murid Musa.

²⁹Ka Musa Allah teh enya nimbalan, kami nyaho. Ari ka eta jelema mah kami teu nyaho-nyaho acan ti mana asal-Na!"

³⁰Walon eta jelema, "Aneh! Dugi ka teu aruninga ka asal Anjeunna, padahal Anjeunna teh parantos nyageurkeun abdi tina lolong!

³¹Urang sadaya terang, Allah moal ngadangu ka jalmi doraka; anu didangu teh jalmi anu

ajrih ka Mantenna sareng ngalampahkeun sagala pangersa-Na.

³²Ti barang dunya ngadeg teu acan aya jalmi anu tiasa ngabeuntakeun jalmi lolong.

³³Jalmi sanes asal ti Allah mah pamohalan tiasa midamel kitu."

³⁴Walon para gegeden, "Naon? Si gede dosa ti barang borojol! Arek mapatahan ka kami?" Ti semet harita eta jelema teh dilarang asup ka imah ibadah.

³⁵Kajadian kitu ka eta jelema kadangu ku Yesus, jelemana ku Anjeunna tuluy dipendakan, seug dipariksa, "Kumaha maneh percaya ka Putra Manusa?"

³⁶Walonna, "Saha Anjeunna teh, Juragan? Mangga carioskeun supados abdi percanten ka Anjeunna."

³⁷Pilahir Yesus, "Maneh geus papanggih jeung Anjeunna, ongkoh ieu keur cacarita jeung maneh."

³⁸"Gusti, abdi percanten!" walonna bari terus sideku payuneun Yesus.

³⁹Pilahir Yesus, "Kami datang ka dunya teh rek nerapkeun hukum, supaya anu lalolong barisa nenjo, anu narenjo sina lalolong."

⁴⁰Di dinya aya sawatara urang Parisi, ngadarengeeun kana pilahir Anjeunna, tuluy naranya, "Maksud Anjeun kaula oge kabeh lalolong?"

⁴¹Waler Yesus, "Upama aranjeun lolong, tandaning teu boga dosa. Tapi ku sabab

ngakukeun barisa nenjo, tetela aranjeun masih keneh dosa."

10¹ "Kami rek nyarita saenyana," saur Yesus. "Anu asup ka jero kandang lain tina panto tapi mancal ti tempat sejen, tangtu bangsat jeung rampog.

² Jalma nu asupna liwat panto kandang, eta pangangonna.

³ Pantona beunang mangmukakeun anu jaga lawang. Domba-dombana ngadarenggeeun kana sora pangangonna lamun dicalukan ngaran-ngaranna, tuluy dibawa ka luar.

⁴ Sanggeus domba-domba di luar, pangangon leumpangna ti heula, domba-dombana naluturkeun lantaran arapaleun kana sorana.

⁵ Ka nu sejen mah moal daraekeun naluturkeun, anggur kalabur lantaran teu warawuheun kana sorana."

⁶ Kitu pilahir Yesus ka maranehna, ku misil. Tapi maranehna henteu ngalartieun kana maksad Anjeunna.

⁷ Yesus nyarios deui, "Supaya kaharti Urang terangkeun: Anu diupamakeun lawang teh Kami.

⁸ Anu sejen, anu asupna memeh Kami, bangsat atawa rampog, ku domba-domba moal diturut.

⁹ Nya Kami lawangna. Anu asupna ti Kami tangtu salamet, jeung bisa asup atawa kaluar ka sampalan.

¹⁰Bangsat datangna ngan arek maling, ngarogahala, jeung ngabinasa. Ari Kami mah malar supaya umat harirup sarta carukup.

¹¹Kami teh ibarat pangangon anu bumela, anu daek bela pati ka domba-dombana.

¹²Anu buburuh, anu lain pangangonna jeung lain anu bogana, nenjo aya ajag teh anggur lumpat kabur, domba-domba diantep dirontok jeung diubrik-abrik ku ajag, kawantu lain bogana sorangan.

¹³Munasabah kabur oge, ngaranna ge nu buburuh, moal paduli ka domba-domba.

¹⁴(10:14-15) Kami teh lir pangangon anu bumela. Sakumaha Rama kenal ka Kami, Kami kenal ka Rama, Kami wawuh ka domba-domba Kami, nya kitu deui domba-domba Kami oge wawuheun ka Kami, Kami moal sungkan ngabelaan nepi ka ajal.

¹⁵(10:14)

¹⁶Aya keneh domba-domba Kami lian ti anu ieu, anu henteu sakandang jeung ieu, ku Kami arek dibawa ka dieu, tangtu narurut kana sora Kami, arek disakandangkeun jeung nu ieu, diurus ku hiji pangangon.

¹⁷Ama nyauheun ka Kami, lantaran Kami iklas ngorbankeun nyawa anu tangtu bakal katarima deui.

¹⁸Saenyana moal aya anu bisa ngarebut nyawa Kami. Dikorbankeun oge ku karana kaiklasan Kami; Kami kawasa nyerenkeun,

kawasa nyokotna deui. Kitu pangersana Ama Kami."

¹⁹Pilahir Anjeunna kitu ngalantaraneun urang Yahudi jadi pabentar deui.

²⁰Loba anu ngaromong kieu, "Jelema kasurupan setan, geus gelo! Keur naon didarengekeun bae?"

²¹Ceuk nu sawareh deui, "Jelema kasurupan setan mah moal kitu ucap-ucapanana! Na bisaeun setan ngabeuntakeun anu lolong sina bisaeun nenjo?"

²²Di Yerusalem keur diayakeun Pesta Pangresmian Bait Allah. Harita keur usum tiris.

²³Waktu Yesus keur angkat di Tepas Suleman di Bait Allah,

²⁴jalma-jalma terus ngarubung ka Anjeunna, tuluy naranya kieu, "Anjeun teh masih keneh bae rek ngabingbangkeun ka pihak kaula? Sing terus terang, enya anjeun teh Kristus?"

²⁵Waler Yesus, "Ongkoh ku Kaula geus dibejakeun, tapi aranjeun teu palercaya bae. Padahal sakur anu dilampahkeun ku Kaula kalawan pajenengan Rama teh netelakeun hal Kaula.

²⁶Tapi geus tangtu aranjeun moal percaya, sabab aranjeun lain domba Kaula.

²⁷Domba Kaula mah ngadengekeun kana sora Kaula. Kaula wawuh ka maranehna, sarta maranehna anut ka Kaula.

²⁸Ku Kaula ditarere hirup langgeng,
salalawasna moal paraeh, moal bisa
karampas ti Kaula.

²⁹Eta anu ku Rama dipaparinkeun ka Kaula
teh leuwih tina naon-naon, jeung moal aya
anu bisa ngarebut tina panangan Rama anu
ngurusna.

³⁰Ari Rama jeung Kami teh hiji keneh."

³¹Jalma-jalma teh tuluy marulung batu rek
maledogan ka Anjeunna.

³²Tapi Anjeunna sasauran deui, "Kaula geus
loba nembongkeun hal-hal anu hade anu
asal ti Rama Kaula di hareupeun aranjeun.
Anu mana ti antarana anu ngalantarankeun
aranjeun hayang maledogan Kaula?"

³³Jawab maranehna, "Anjeun lain rek
dibaledogan ku lantaran geus nyieun
kahadean, tapi ku lantaran geus ngahina
ka Allah. Anjeun teh jelema biasa, tapi
nyaruakeun maneh jeung Allah!"

³⁴Waler Yesus, "Dina Kitab Hukum aranjeun
sorangan ditulis yen Allah ngandika, Maraneh
teh allah-allah.

³⁵Urang kabeh terang, anu diucapkeun ku
Kitab Suci teh salawasna bener. Jalma-jalma
anu ku Allah dipaparin pangandika-Na, ku
Allah disebutna allah-allah.

³⁶Jadi lamun Kaula anu ku Allah Rama dipilih
jeung diutus ka ieu dunya ngakukeun Putra
Allah, ku naon dianggap ngahina ka Allah?

³⁷ Lamun anu dilampahkeun ku Kaula teh lain pangersa Rama, memang teu kudu aranjeun percaya.

³⁸ Tapi ku sabab anu dilampahkeun ku Kaula teh ti pangersa Mantenna, sanajan aranjeun arembung percaya ka Kaula ge, atuh sing percaya kana hal-hal anu ku Kaula dilampahkeun, supaya saterusna nyaraho yen Rama aya di jero diri Kami, Kami aya di jero salira Rama."

³⁹ Jalma-jalma teh anggur rek nyarerek ka Anjeunna. Tapi Anjeunna iasa lolos ti maranehna.

⁴⁰ Geus kitu Yesus angkat ka peuntaseun Walungan Yordan, ka tempat urut Yohanes ngabaptis, seug calik di dinya.

⁴¹ Jalma-jalma daratang ka Anjeunna, sarta carek maranehna, "Yohanes teu midamel kaajaiban naon-naon, tapi sagala pilahirna perkara ieu jelema kabeh bukti."

⁴² Di tempat eta jadi loba anu percaya ka Yesus.

11 ¹(11:1-2) Di Betania aya dua awewe padudulur, ngaranna Maria jeung Marta. Maria teh anu ngucuran sampean Yesus ku minyak seungit jeung nyekaanana ku buukna. Dulus Maria jeung Marta anu lalaki ngaran Lazarus keur gering.

²(11:1)

³ Maria jeung Marta ngajurungan jelema ka Yesus, mawa pihatur: "Gusti, sobat Gusti udur."

⁴ Diwartosan kitu Yesus ngalahir, "Panyakit Lasarus moal matak maot, malah matak jadi kamulyaan ka Allah, jeung bakal ngalantarankeun Putra Allah diagungkeun."

⁵ Yesus nyauheun ka Marta, ka Maria, jeung ka Lasarus.

⁶ Tapi diwartosan Lasarus gering teh Anjeunna calik-calik bae di tempat nepi ka dua poe deui.

⁷ Geus kitu Anjeunna ngalahir ka murid-murid-Na, "Hayu urang ka Yudea deui."

⁸ "Pa Guru," walon murid-murid, "teu acan lami Pa Guru ku urang ditu bade dibaledogan ku batu, ayeuna parantos bade ka ditu deui?"

⁹ Pilahir Yesus, "Sapoe teh lain dua welas jam? Anu leumpang ti beurang moal titajong, sabab nenjo caangna alam dunya.

¹⁰ Lamun leumpang ti peuting tangtu titajong, lantaran teu nenjo anu caang."

¹¹ Saur-Na deui, "Sobat urang, Lasarus keur sare, ku Kami rek dihudangkeun."

¹² Piunjuk murid-murid-Na, "Gusti, upami parantos tiasaeun sare mah tangtos tereh sae."

¹³ Padahal sare anu dimaksad ku Yesus mah Lasarus teh geus maot, ari ku murid-murid-Na dihartikeun sare biasa.

¹⁴Ku sabab kitu ku Anjeunna dieceskeun saur-Na, "Geus maot Lasarus teh.

¹⁵Tapi Kami bungah euweuh di ditu teh, sabab bakal leuwih hade keur maraneh, supaya engke maraneh bisa percaya. Ayeuna hayu urang teang."

¹⁶Pok Tomas (anu katelah si Kembar) ngomong ka babaturanana, "Hayu kabeh ka daritu, urang milu paeh bareng jeung Pa Guru!"

¹⁷Sanggeus Yesus sumping, Lasarus geus dimakamkeun opat poe katukang.

¹⁸Betania jauhna ti Yerusalem tilu kilometer ge kurang,

¹⁹anu matak loba urang Yudea anu daratang ngalayad ka Marta jeung Maria anu kakara ditinggalkeun maot ku dulur.

²⁰Marta geus meunang beja yen Yesus sumping, tuluy indit mapagkeun, Maria tunggu imah.

²¹Piunjuk Marta ka Yesus, "Upami waktos eta Gusti aya di dieu, pun dulur moal dugi ka maot!

²²Nanging sanaos ayeuna ge upami Gusti mundut naon bae ka Allah tangtos dikabul, abdi yakin."

²³"Dulur maneh tangtu hirup deui," waler Yesus.

²⁴"Leres," walon Marta, "engke bakal hirup deui dina Poe Kiamat."

²⁵ Waler Yesus, "Kami teh anu ngahudangkeun jeung anu ngahirupkeun. Anu percaya ka Kami tangtu bakal hirup sanajan geus maot;

²⁶ jeung sing saha anu hirup sarta percaya ka Kami, salalawasna moal paeh. Kumaha, maneh percaya kana hal ieu?"

²⁷ "Sumuhun, Gusti!" walon Marta. "Abdi percanten pisan Gusti teh Kristus, Putra Allah anu lungsur ka alam dunya."

²⁸ Sanggeus kitu Marta amitan mulang, datang ka imah tuluy nepungan Maria paduduaan. "Maria, aya Pa Guru sarta mariksakeun maneh," carekna ka dulurna.

²⁹ (11: 29-31) Maria curinghak, tuluy lumpat rek manggihan Yesus; panyana anu keur malaturanana mah rek ngadon ceurik ka kuburan, tuluy ditaluturkeun. Ari Yesus calik keneh di tempat tadi basa dideuheusan ku Marta, can lebet ka jero desa.

³⁰ (11: 29)

³¹ (11: 29)

³² Datang-datang Maria terus ngarumpuyuk kana sampean Yesus, pok unjukan, "Gusti, upami Gusti waktos eta aya di dieu, pun dulur moal dugi ka maot!"

³³ Ningali Maria ceurik, kitu deui jalma-jalma anu naluturkeunana oge careurik, kacida hawatoseunana, manah-Na ngerik liwat saking.

34 Tuluy mariksa, "Di mana dimakamkeunana?" "Mangga tingalian, Gusti," jawab jalma-jalma anu dipariksa.

35 Yesus oge datang ka nangis.

36 "Tuh, sakitu asiheuna-Na ka anu ngantunkeun teh," ceuk jalma-jalma.

37 "Lain iasaeun ngabeuntakeun anu lolong, Anjeunna teh?" ceuk nu sawareh. "Na teu iasaeun nyegah supaya Lazarus ulah nepi ka maot?"

38 Bari ngarakacak manah, Yesus ngabujeng ka kuburan. Ari kuburanana diguhakeun, lawangna ditutup ku batu.

39 Yesus ngalahir, "Singkirkeun batuna!" Marta, dulurna almarhum, unjukan, "Gusti, tangtos bau, margi parantos opat dinten!"

40 Saur Yesus ka Marta, "Ceuk Kami oge Iamun Nyai percaya, bakal nenjo agungna kakawasaan Allah."

41 Sanggeus batuna disingkirkeun, Yesus tanggah terus ngalahir, "Hatur nuhun Ama, reh Ama parantos ngamakbul panuhun Abdi.

42 Kantenan salamina oge Ama ngabulkeun bae kana panuhun Abdi. Kedal panuhun soteh supados ieu jalmi-jalmi palercaya yen Abdi utusan Ama."

43 Sanggeus ngalahir kitu, soanten-Na ditarikkeun, "Lasarus! Geura bijil!"

44 Kurunyung, Lazarus nu geus maot teh kaluar, suku jeung leungeunna kabungkus keneh ku boeh, beungeutna kabulen ku

cindung. Saur Yesus, "Bukaan; sina bisaeun leumpang."

⁴⁵ Anu ngaralayad ka Maria loba anu percaya ka Yesus sanggeus narenjo anu dipidamel ku Anjeunna.

⁴⁶ Tapi aya sawatara jalma anu terus ka urang Parisi, ngalaporkeun anu dipidamel ku Yesus.

⁴⁷ Urang Parisi jeung imam-imam kapala ngayakeun rapat jeung Mahkamah Agama. "Kudu kumaha urang teh?" aromongna. "Eta jelema terus bae ngayakeun kaajaiban!"

⁴⁸ Lamun terus diantep, jelema-jelema tangtu biluk kabeh palercaya ka Manehna. Tungtungna engke bangsa urang digempur ku pamarentah Rum, Bait Allah tangtu ancur!"

⁴⁹ Ceuk nu saurang, nya eta Imam Agung taun eta anu ngaranna Kayapas, "Ku barodo ari dulur-dulur!"

⁵⁰ Na teu aruninga yen leuwih hade paeh jelema saurang ti batan tumpur sakumna bangsa?"

⁵¹ Saenyanaya Kayapas ngomongna kitu teh lain tina pikiranana sorangan. Eta ucapan anjeunna anu jadi Imam Agung taun eta, mangrupa hiji piwejang, ngaramalkeun yen Yesus bakal pupus ditelasan pikeun ngagentos bangsa Yahudi;

⁵² malah lain pikeun maranehna bae, tapi pikeun ngahijkeun sakumna umat Allah anu eukeur paburencay.

⁵³Ti harita para gegeden Yahudi geus sakait rek nelasan Yesus.

⁵⁴Ku sabab kitu Yesus tara nembongan deui di Yudea, malah terus angkat ka kota Epraim anu pernahna deukeut ka gurun keusik, tuluy calik di dinya jeung murid-murid-Na.

⁵⁵Pesta Paska urang Yahudi geus deukeut. Urang desa geus loba anu daratang, naranjak ka Yerusalem arek ngalakonan upacara meresihan diri samemeh Pesta Paska ngamimitian.

⁵⁶Maranehna nareangan Yesus, sarta barang geus ngumpul di Bait Allah maranehna silih tanya, pokna, "Kumaha ari ceuk andika? Rek sumping atawa moal Anjeunna teh kana pesta?"

⁵⁷Pangna tingtaranya kitu lantaran geus diparentah ku imam-imam kapala jeung urang Parisi, sing saha anu nyaho Yesus aya di mana, kudu terus lapor, supaya Yesus bisa ditangkep.

12¹Pigenep poeeun deui kana poe Pesta Paska, Yesus angkat ka Betania, tempat tinggal Lasarus, jalma anu ku Anjeunna dihirupkeun deui tina maot tea.

²Di dinya Yesus ku pribumi dituangkeun, diladenan ku Marta; Lasarus jeung nu sejenna deui bareng dalahar jeung Yesus.

³Ti dinya Maria mawa minyak narwastu kira-kira satengah liter, minyak seungit anu kacida mahalna, tuluy dikucurkeun kana

sampean Yesus, geus kitu sampeana-Na disekaan ku buukna. Eta imah jadi mabek ku seungit minyak narwastu.

⁴ Yudas Iskariot, hiji murid Yesus anu engkena ngahianat ka Anjeunna, ngomong kieu,

⁵ "Ku naon lain dijual bae eta minyak seungit teh tilu ratus uang perak, terus duitna sidekahkeun ka nu mariskin?"

⁶ Ngomongna kitu lain dumeh karunyaean ka nu mariskin, tapi lantaran manehna teh bangsat. Manehna purah nyekel tempat duit sarerea, sok nyokot keur dirina sorangan.

⁷ Tapi diwaler ku Yesus, "Ingkeun ulah diganggu! Anu keur dilampahkeun ku Maria ayeuna, aya patalina jeung poean Kami dikubur engke. Keun sina diteruskeun!"

⁸ Anu mariskin mah aya bae di maraneh sapapanjangna, ari Kami mah moal salawasha."

⁹ Loba pisan jelema anu ngadarenge beja yen Yesus aya di Betania, tuluy daratang. Lain dumeh ku karana Yesus bae, tapi dumeh harayangeun nenjo Lasarus ongkoh, nu ku Yesus dihudangkeun tina maot.

¹⁰ Temahna Lasarus oge diarah ku imam-imam kapala rek dipaehan,

¹¹ dianggap geus ngalantarankeun urang Yahudi loba anu palercaya ka Yesus, naringgalkeun maranehna.

¹²Poe isukna, anu marilu Pesta Paska teh ngadarenge beja yen Yesus rek sumping ka Yerusalem, geus aya di tengah jalan.

¹³Seug maranehna ngaralaan palapah korma, tuluy budal rek marapagkeun ka Anjeunna bari salusurakan, pokna, "Puji Allah! Mugia anu sumping kalawan pajenengan Pangeran dirahmat ku Allah! Mugia diberkahan Raja bangsa Israil!"

¹⁴Ari Yesus mendak hiji kalde ngora, terus majeng nitihan kalde, sakumaha anu geus diungelkeun dina Kitab Suci, kieu,

¹⁵"Ulah sieun, putri Sion! Ieu Raja maneh sumping, nitihan kalde ngora."

¹⁶Hal ieu ku murid-murid henteu ujug-ujug kahalartieun. Tapi sanggeus Yesus digugahkeun tina pupus-Na sarta dimulyakeun, kakara maranehna aringeteun, yen hal Anjeunna kitu sarta hal pameta jalma-jalma kitu ka Anjeunna teh memang geus dituliskeun dina Kitab Suci.

¹⁷Jalma-jalma anu araya waktu Anjeunna nyaur Lasarus nepi ka hirup deui kaluar ti jero kuburna, terus ngutarakeun eta kajadian.

¹⁸Eta sababna pangna jalma rea budal marapag, lantaran ngadarenge yen Anjeunna geus ngadamel kaajaiban kitu.

¹⁹Ari urang Parisi mah ngaromong pada batur, pokna, "Nyaho, tetela gagalna urang teh! Tuh, saalam dunya marilu kabeh ka Manehna!"

²⁰ Di antara anu daratang ka Yerusalem rek ngabakti dina eta perayaan, aya sawatara urang Yunani.

²¹ Maranehna daratang ka Pilipus sarta menta kieu, "Juragan, upami tiasa sim kuring teh hayang nepangan Yesus." (Ari Pilipus asalna ti Betsaida, di Galilea.)

²² Pamentana ku Pilipus dipupulihkeun ka Andreas, tuluy diunjukkeun ka Yesus ku duaan.

²³ Yesus ngawaler, "Geus waktuna Putra Manusa teh nampa kamulyaan.

²⁴ Saenyan ceuk Kami: gandum sasaki lamun henteu dipelak dina taneuh sina paeh heula, angger bae ngan sasaki. Lamun geus disina paeh heula mah tangtu jadi, nu asal sasaki teh jadi loba.

²⁵ Anu nyaah kana hirupna, hirupna tangtu leungit. Anu ngewa kana hirupna di ieu dunya, hirupna bakal kapimilik pikeun hirup anu langgeng.

²⁶ Anu rek ngabdi ka Kami kudu daek nuturkeun Kami, supaya di mana Kami aya, abdi Kami oge aya di dinya. Anu ngabdi ka Kami bakal dihormat ku Ama Kami."

²⁷ "Ayeuna hate Kami asa lalewang, jeung kudu ngomong naon? Naha kudu unjukan, Ama, mugi eta wanci teh ulah dugi ka narajang ka Abdi? Padahal pang Kami datang teh sangkan ngalaman eta wanci kasangsaraan.

²⁸Ama, agungkeun jenengan Ama!" Ti dinya aya soara ti langit, ungelna, "Enggeus ku Ama diagungkeun, jeung rek diagungkeun deui!"

²⁹Eta soara kadarenggeeun ku sarerea anu keur di darinya; ceuk sawareh sora guludug, ceuk sawareh deui, "Malaikat sasauran ka Anjeunna!"

³⁰Tapi saur Yesus, "Eta soara lain pikeun kapentingan Kami, tapi pikeun kapentingan maraneh.

³¹Geus nepi kana mangsana, ayeuna ieu dunya teh diragragan hukuman, anu nyarangking kawasa di ieu dunya baris tijarungkel.

³²Ari Kami, sanggeus engke diangkat ti ieu bumi, bakal narik sakabeh manusa sina ka Kami."

³³(Ieu ucapan Anjeunna ngagambarkeun caraning ajal anu kudu disorang ku Anjeunna.)

³⁴Piunjuk jalma rea, "Sanggem Hukum Musa mah Kristus teh jumenengna bakal langgeng, ku naon disaurkeun Putra Manusa kedah diangkat? Saha anu disebat Putra Manusa teh?"

³⁵Waler Yesus, "Caang teh ayana di maraneh ngan kari sakeudeung deui. Teruskeun lumaku teh, meungpeung aya keneh caang, ulah kaburu poek di jalan; sabab leumpang di nu poek mah moal nyaho keur nuju ka mana.

³⁶ Sing percaya kana caang, meungpeung caangna aya keneh, supaya maranéh jaradi umat caang." Sanggeus ngalahir kitu Yesus angkat ti dinya, nyumputan jalma-jalma.

³⁷ Sabab eta jelema-jelema teh sakitu geus narenjo sorangan kaajaiban-kaajaiban ti Anjeunna, tetep bae teu palercayaeun ka Anjeunna teh.

³⁸ Harita memang kudu laksana pilahir Nabi Yesaya anu kieu: "Nun Pangeran, saha nu bade percaya kana uaran abdi sadaya? Ka saha Gusti bade nembongkeun kawasa?"

³⁹ Jadi maranéhna teu barisaeun percaya, sabab kieu deui pilahir Nabi Yesaya,

⁴⁰ "Panonna ku Allah geus dilolongan, hatena sina basangkal, sangkan panonna ulah narenjo, pikiranana ulah ngalarti, sina ulah tarobat ka Kami, dawuhan Pangeran, ulah harayangeun dicalageurkeun ku Kami."

⁴¹ Yesaya nyaurkeun kitu perkara Yesus, sabab anjeunna mah geus ningali kamulyaan Yesus, sarta nyaurkeun hal Anjeunna.

⁴² Najan kitu, loba oge gegeden Yahudi anu palercayaeun ka Yesus, ngan teu waranieun nembrak, sarieuneun dipencilkeun ti imah ibadah ku urang Parisi sejenna,

⁴³ kawantu leuwih malar kana pamuji ti pada jalma tinimbang kana pangajen ti Allah.

⁴⁴ Yesus ngalahir, soanten-Na bedas, "Anu percaya ka Kami, percayana teh lain ka Kami

bae, tapi ka Mantenna ongkoh, anu ngutus Kami.

⁴⁵Anu nenjo ka Kami, nenjo oge ka anu ngutus Kami.

⁴⁶Kami teh caang anu turun ka alam dunya, supaya anu percaya ka Kami ulah poek hirupna.

⁴⁷Anu ngadenge pilahir Kami tapi henteu ngalampahkeun, dihukumna moal ku Kami, sabab Kami mah pang datang teh lain pikeun ngahukum pangeusi dunya, tapi pikeun nyalametkeun.

⁴⁸Anu bakal ngahukumna ka sing saha anu nampik ka Kami jeung embungeun narima pilahir Kami mah, geus aya pihakimeunana; nya eta pilahir-pilahir Kami anu enggeus dilahirkeun ku Kami tea. Eta nu baris ngahakiman dina Poe Kiamat teh!

⁴⁹Satemenna kitu, sabab anu geus dilahirkeun ku Kami teh lain pilahir Kami sorangan, tapi timbalan Allah Rama anu ngutus Kami, anu miwarang Kami kudu ngalahir kitu.

⁵⁰Sarta ku sabab Kami nyaho timbalan Mantenna teh matak hirup langgeng, kitu nu matak naon-naon anu ditimbalkeun ku Rama ka Kami teh ku Kami dilahirkeun ka maraneh."

13¹Pisapoeueun deui kana poe Pesta Paska, Yesus uningaeun yen Anjeunna geus tereh ngantunkeun alam dunya,

kudu mulih ka Rama-Na. Anjeunna kacida mikaasihna ka umat kagungana-Na anu araya di ieu dunya, asih nepi ka ahir.

²Peutingna Yesus tuang jeung murid-murid. Iblis geus ngasupkeun pikiran pikeun ngahianat Yesus kana hate Yudas bin Simon Iskariot.

³Yesus geus uninga yen ku Rama-Na geus diserenan kawasa sagemblengna, uninga yen Anjeunna anu asal ti Allah tereh mulang ka Allah.

⁴Ku sabab eta jung Anjeunna ngadeg, muka jubah, tuluy nyandak anduk dibeulitkeun kana angkeng-Na.

⁵Cur nyicikeun cai kana baskom, terus ngumbah suku murid-murid-Na, sarta terus diseke sina tuus.

⁶Barang nepi ka giliran Petrus, manehna mihatur, "Gusti! Bade ngumbah suku abdi?"

⁷Yesus ngawaler, "Ayeuna ku maneh moal kaharti Kami migawe kieu, tapi engke oge kaharti."

⁸Piunjuk Petrus, "Ulah, Gusti! Abdi henteu iklas Gusti dugi ka ngumbah suku abdi!" Waler Yesus, "Lamun suku maneh henteu dikumbah ku Kami, maneh moal jadi murid Kami deui."

⁹Walon Simon Petrus, "Upami kitu ulah mung suku wungkul, sae sareng leungeun sareng sirah oge!"

¹⁰Saur Yesus, "Anu geus mandi mah awakna geus beresih kabeh, teu kudu diberesihan deui salian ti suku. Maraneh kabeh geus beresih, kajaba anu saurang."

¹¹(Yesus geus uningaeun ka jelema anu rek ngahianat ka Anjeunna, anu matak saur-Na, "Maraneh kabeh geus beresih, kajaba anu saurang.")

¹²Sanggeus ngumbahan suku murid-murid, Anjeunna dijubah deui, calik deui mayunan meja, tuluy ngalahir, "Kumaha, kahalarti maksud Kami bieu?

¹³Maraneh ka Kami nyarebut Guru jeung Gusti. Bener eta teh.

¹⁴Kami, Guru jeung Gusti maraneh, bieu ngumbahan suku maraneh. Nya kitu maraneh oge, kudu daraek silih kumbah suku jeung babaturan.

¹⁵Bieu Kami teh mere tuladan, supaya maraneh oge milampah sakumaha anu ku Kami dipilampah ka maraneh.

¹⁶Satemenna ceuk Kami: badega moal leuwih ti dunungan, nu diutus moal leuwih ti nu ngutus.

¹⁷Lamun hal eta geus kahalarti, estu bagja maraneh lamun daraek ngalampahkeunana!

¹⁸Tapi ieu Kami ngomong teh henteu ka sakabehna. Kami estu nyaho, jalma-jalma kumaha anu ku Kami geus dipilih teh. Tapi ungel Kitab Suci teh memang kudu tinekanan,

unina: Jalma nu ngadahar roti Kaula malah ngamusuh.

¹⁹ Hal ieu ku Kami dibejakeun ti ayeuna samemehna, supaya lamun enggeus kajadian, maraneh percaya yen Kami teh anu jumeneng.

²⁰ Satemenna ceuk Kami: Sing saha anu ngaku ka utusan Kami, saenyana ngaku ka Kami. Sing saha anu ngaku ka Kami, saenyana ngaku ka anu ngutus Kami."

²¹ Sanggeus nyarios kitu katembong Anjeunna semu anu nalangsa kabina-bina, tuluy nyarios deui, "Kami arek terus terang, aya batur maraneh saurang anu rek ngahianat ka Kami."

²² Murid-murid papelong-pelong baringungeun, saha anu dimaksud ku Anjeunna.

²³ Hiji murid anu diasih ku Yesus, diukna ngarendeng pisan jeung Anjeunna.

²⁴ Ku Simon Petrus diisaranan, maksudna: "Taroskeun, saha anu dimaksad ku Anjeunna."

²⁵ Eta murid diukna ngised ngeser ka Yesus, tuluy mihatur, "Saha jalmina, Gusti?"

²⁶ Waler-Na, "Mana-mana anu ku Kami diasongan roti beunang nyelup kana saos, eta jelemana." Top Anjeunna nyandak roti, tuluy dicelupkeun sarta diasongkeun ka Yudas bin Simon Iskariot.

²⁷ Ku Yudas ditampanan, sarta harita keneh Iblis nyanding kana dirina. Saur Yesus

ka Yudas, "Buru-buru, niat maneh geura jalankeun!"

²⁸ Murid-murid anu keur dalahar saurang ge teu aya anu bisa ngajudi kana pilahir Anjeunna kitu ka Yudas.

²⁹ Nu sawareh nyangkana teh Yudas dijurung barangbeuli keur kaperluan pesta, atawa dipiwarang mere sidekah ka nu mariskin, pedah Yudas purah nyekel duit sarerea.

³⁰ Ari Yudas sanggeus nampanan roti teh terus indit. Harita geus peuting.

³¹ Sanggeus Yudas indit, Yesus ngalahir deui, "Ayeuna kaagungan Putra Manusa teh geus dinyatakeun, sarta kaagungan Allah dinyatakeun di Anjeunna.

³² Upama kaagungan Allah geus dinyatakeun di Putra Manusa, kaagungan Putra Manusa oge baris gancang dinyatakeun ku Allah dina salira-Na ku manten, sarta ku Allah baris buru-buru dilaksanakeun.

³³ Barudak, anak ing, Kami moal lila deui aya di maraneh teh. Engke Kami bakal ditareangan ku maraneh. Tapi sakumaha anu ku Kami geus diomongkeun ka para gegeden Yahudi, Maraneh moal bisa datang ka tempat Kami.

³⁴ Ayeuna maraneh ku Kami dibere hiji parentah anyar, nya eta: Masing silih pikanyaah. Sakumaha Kami mikanyaah ka maraneh, maraneh oge kudu silih pikanyaah sabatur-batur.

³⁵Ku jalan silih pikanyaah jeung babaturan, bakal katara ka sarerea yen maraneh teh murid-murid Kami."

³⁶"Dipi Gusti bade ka mana?" Simon Petrus nanya. Waler Yesus, "Ka mana Kami rek indit, ayeuna mah maneh moal bisa milu. Tapi engke maneh bisa nuturkeun."

³⁷"Naon margina moal tiasa ngiring ayeuna teh, Gusti?" Petrus nanya deui. "Sawios abdi mah kedah paeh oge demi Gusti!"

³⁸"Enyaan maneh sanggup paeh pikeun Kami?" waler Yesus. "Satemenna: Peuting ieu memeh hayam kongkorongok, maneh geus tilu kali nyebut teu wawuh ka Kami."

1 4¹ "Maraneh ulah salempang," saur-Na deui. "Sing percaya ka Allah, sarta sing percaya ka Kami.

²Di bumi Rama Kami loba kamar, sarta ayeuna Kami rek ka ditu nyadiakeun pitempateun maraneh. Lamun teu kitu ku Kami moal diomongkeun ka maraneh.

³Sanggeus nyadiakeun pitempateun maraneh, Kami ti ditu tangtu bakal datang deui nyokot maraneh, supaya maraneh oge aya di tempat Kami.

⁴Maraneh geus nyaraho jalanna ka tempat anu ku Kami rek diteang."

⁵"Gusti," ceuk Tomas, "abdi-abdi teu terang Gusti bade ka mana, bade terang kumaha jalan ka ditu?"

⁶Waler Gusti ka Tomas, "Kami jalanna, Kami kayaktian, Kami sumberna hirup. Ku sabab eta, lamun henteu ku jalan Kami, moal aya anu bisa datang ka Rama."

⁷"Ayeuna," saur-Na ka sarerea, "maraneh geus nyaraho ka Kami, ka Rama oge tangtu nyaraho. Malah ti ayeuna keneh oge geus nyaraho ka Mantenna teh, geus narenjo."

⁸"Gusti," ceuk Pilipus, "tingalikeun Rama teh ka abdi-abdi, supados abdi-abdi teu panasaran."

⁹Waler Yesus, "Geus sakitu lilana Kami reureujeungan jeung maneh, piraku maneh can wawuh keneh bae ka Kami, Pilipus? Anu geus nenjo Kami tangtu nenjo ka Rama, ku naon ceuk maneh bieu Tingalikeun Rama teh ka abdi-abdi?

¹⁰Na teu percaya maneh, Pilipus, yen Kami jadi hiji jeung Rama, sarta Rama jadi hiji jeung Kami." Geus kitu saur-Na deui ka sarerea, "Omongan anu ku Kami diucapkeun ka maraneh teh lain omongan Kami sorangan, kedalna teh ku pangersa Rama anu ngahiji di diri Kami.

¹¹Sing percaya, Kami teh jadi hiji jeung Rama, Rama jadi hiji jeung Kami. Lamun teu percaya kana eta hal, sahenteuna sing percaya kana hal-hal anu dipigawe ku Kami.

¹²Satemenna ceuk Kami: Sing saha anu percaya ka Kami, bakal ngalampahkeun sakur anu dipigawe ku Kami, malah bakal

ngalampahkeun anu leuwih ti kitu, sabab
ayeuna Kami tereh mulang ka Rama.

¹³ Jeung naon bae anu disuhunkeun ku
maraneh make ngaran Kami, tangtu ku Kami
dikabul, supaya ku jalan Kami kaagungan
Rama jadi nyata katembong.

¹⁴ Lamun maraneh nyuhunkeun ka Kami
nyebut ngaran Kami, ku Kami tangtu dikabul."

¹⁵ "Upama maraneh nyaraah ka Kami geus
tangtu narurut kana parentah-parentah Kami.

¹⁶ Kami rek nyuhunkeun ka Rama, sarta
Rama bakal maparin ka maraneh hiji
Panulung sejen, anu bakal nyarengan ka
maraneh salalawasna.

¹⁷ Eta Panulung teh nya eta Roh Allah, anu
bakal nganyatakeun hal Allah nurutkeun
anu saestuna. Eta Roh ku dunya mah moal
katarima, sabab dunya mah ka eta teh teu
nenjoeun, teu nyahoeun. Ari maraneh mah
nyaraho, sabab Anjeunna aya di maraneh,
ngancik di diri maraneh.

¹⁸ Sanggeus Kami indit, maraneh moal
diantep nyorangan; tur Kami bakal datang
deui ka maraneh.

¹⁹ Pikeun saheulaanan mah dunya teh moal
nenjo deui Kami, tapi maraneh mah bakal
narenjo; jeung ku sabab Kami teh hirup,
maraneh oge bakal hirup.

²⁰ Lamun poena geus datang, maraneh
bakal nyaraho yen Kami jadi hiji jeung Rama,

maraneh jadi hiji jeung Kami, Kami oge jadi hiji jeung maraneh.

²¹ Sing saha anu narima jeung ngalampahkeun parentah-parentah Kami, eta tandaning nyaah ka Kami. Sing saha anu nyaah ka Kami, bakal dipikaasih ku Rama; Kami oge tangtu bakal mikaasih jeung bakal nganyatakeun diri ka manehna."

²² "Gusti," piunjuk Yudas (lain Yudas Iskariot), "ku naon margina ka abdi-abdi mah Gusti kersa nganyatakeun salira, dupi ka dunya mah henteu?"

²³ Waler Yesus ka Yudas, "Sabab anu mikanyaah ka Kami jeung nurut kana piwuruk Kami mah bakal dipikaasih ku Rama Kami, jadi Rama Kami jeung Kami bakal sumping terus linggih di manehna.

²⁴ Anu henteu nyauheun ka Kami mah geus tangtu embungeun nurut kana pangajaran Kami. Pangajaran anu ku Kami diwurukkeun ka maraneh teh lain ti Kami, tapi ti Rama anu ngutus Kami.

²⁵ Hal ieu ku Kami diomongkeun ayeuna, meungpeung Kami aya keneh jeung maraneh.

²⁶ Panulung tea, nya eta Roh Suci beunang nyuhunkeun Kami ka Rama, ka maraneh bakal ngawurukkeun sagala perkara, jeung ngingetan supaya maraneh aringet kana sagala hal anu ku Kami geus diwurukkeun.

²⁷ Maraneh ku Kami rek ditinggalan kakertaan, kakertaan Kami pribadi, anu beda

tina kakertaan asal ti dunya. Ulah honcewang, ulah baringung, ulah rarisi.

²⁸Ceuk Kami tadi, Kami rek indit, tapi bakal datang deui ka maraneh. Lamun maraneh nyaraah ka Kami, malah bakal barungah Kami rek mulang ka Rama teh, sabab Rama mah leuwih agung ti batan Kami.

²⁹Hal ieu ku Kami diomongkeun ayeuna memeh kajadian, supaya engke maraneh percaya lamun geus kajadian.

³⁰Kami geus teu bisa lila-lila deui nyarita ka maraneh, sabab anu nyangking ieu dunya geus datang. Saenyana manehna teu kawasa naon-naon ka Kami,

³¹tapi Kami kudu tumut kana sagala pangersa Rama, supaya kanyaah Kami ka Mantenna kanyahoan ku ieu dunya. Hayu ayeuna mah urang arindit ti dieu.

15¹ Pilahir Yesus, "Kami teh tangkal anggur nu sajati, Ama Kami nu jadi tukang kebonna.

²Unggal dahan Kami anu teu daekeun buahan ku Mantenna ditilas, ari anu sok baruahan daunna dipangkas diberesihan, supaya buahanana laleubeut.

³Maraneh geus diberesihan ku pangajaran anu diwurukkeun ku Kami.

⁴Sing tetep ngahiji di Kami, Kami oge baris tetep ngahiji di maraneh. Maraneh anu jadi dahan-dahan moal baruahan lamun henteu

ngahiji di Kami, sabab dahan mustahil buahan lamun henteu ngahiji dina tangkalna.

⁵ Kami tangkalna, maraneh dahan-dahanna. Sakur anu tetep di Kami sarta Kami tetep di manehna, tangtu buahan jeung leubeut; sabab lamun henteu jeung Kami mah maraneh moal barisa naon-naon.

⁶ Dahan anu henteu tetep di Kami bakal dipiceun sina garing. Dahan-dahan nu karitu bakal ditumpukkeun tuluy dialung-alungkeun kana seuneu hurung, beak diduruk.

⁷ Lamun maraneh tetep di Kami, tetep tigin kana piwuruk Kami, masih nyuhunkeun naon bae oge tangtu dikabulkeun.

⁸ Kamulyaan Ama Kami bakal tempong lamun maraneh nu jadi dahan-dahan baruahan leubeut, sarta ku lantaran kitu maraneh jadi murid-murid Kami.

⁹ Sakumaha Kami dipikanyaah ku Rama, maraneh oge dipikanyaah ku Kami, anu matak kudu tetep aya dina kanyaah Kami.

¹⁰ Lamun narurut kana parentah Kami tangtu tetep ku Kami dipikanyaah, sakumaha Kami tetep dipikaasih ku Rama lantaran nurut kana timbalana-Na.

¹¹ Nu matak dibarejaan kitu teh supaya kabungah Kami jadi kabungah maraneh, jeung supaya kabagjaan maraneh lengkep sampurna.

¹² Kieu parentah Kami teh: Maraneh sing silih pikanyaah, saperti Kami nyaah ka maraneh.

¹³Kanyaah nu panggedena ti hiji jalma ka sobat-sobatna, nya eta lamun nepi ka iklas ngorbankeun jiwa pikeun ngabelaanana.

¹⁴Maraneh teh sobat-sobat Kami lamun ngalakonan ieu parentah Kami.

¹⁵Maraneh ku Kami moal disebut deui abdi-abdi, sabab nu jadi abdi mah henteu nyahoeun ka anu keur dipigawe ku dununganana. Sabalikna, maraneh ku Kami disebut sobat, lantaran geus ditarere nyaho sagala perkara anu ku Rama didawuhkeun ka Kami.

¹⁶Lain maraneh anu marilih Kami, Kami anu milih maraneh, sangkan maraneh lalumaku hirup leubeut ku buah kanyaah, buah-buah anu awet jeung tahan. Masih maraneh rek nyuhunkeun naon bae anu disuhunkeunana nyebut ngaran Kami, ku Rama tan wande dikabul.

¹⁷Kitu sababna nu matak parentah Kami teh: Sing silih pikanyaah."

¹⁸"Lamun dunya geuleuheun ka maraneh, sing aringet yen eta teh lantaran geus geuleuheun ti heula ka Kami.

¹⁹Lamun maraneh kaasup ka dunya mah tangtu ku dunya dipikanyaah lantaran bogana. Tapi maraneh mah ku Kami geus dicokot ti dunya, geus lain bogana deui, jadi dipikageuleuh.

²⁰Kami geus ngabejaan ka maraneh, Euweuh badega anu leuwih luhur ti dununganana.

Lamun maranehna ka Kami nganiaya,
ka maraneh oge tangtu nganiaya; lamun
maranehna narurut kana piwuruk Kami, ka
maraneh oge tangtu narurut.

²¹ Nu matak karitu ka maraneh teh lantaran
maraneh mah anu Kami, jeung maranehna
henteu nyarahoeun ka anu ngutus Kami.

²² Saupama maranehna ku Kami henteu
didatangan, henteu diwurukan, moal baroga
dosa; tapi ayeuna geus kitu kaayaanana,
maranehna geus moal bisa mungkiran
dosana.

²³ Anu geuleuheun ka Kami, ka Rama oge
geuleuheun.

²⁴ Saupama ku Kami henteu ditembongan
perkara-perkara anu can kungsi dipigawe
ku jelema, maranehna moal baroga
dosa. Tapi eta perkara-perkara teh geus
katarenjoeun, nu matak maranehna teh ka
Kami mikageuleuh, ka Rama mikageuleuh.

²⁵ Memang geus kudu kitu, supaya laksana
anu kaungel dina Kitab Hukum maranehna,
yen: Maranehna gareuleuheun ka Kami teu
karana sabab.

²⁶ Maraneh ku Kami bakal dibere Panulung
asal ti Rama Kami, nya eta Roh Suci, anu
bakal nganyatakeun hal Allah anu saestuna.
Eta Panulung tangtu ku Kami diutus ka
maraneh ti Rama, sarta Anjeunna baris
nyaurkeun hal Kami.

²⁷ Maraneh oge kudu nyaritakeun hal Kami, sabab maraneh geus reureujeungan jeung Kami ti barang mimiti.

16¹ Kami ngabejakeun hal ieu teh supaya maraneh ulah nepi ka murtad.

² Sabab maraneh bakal disingkirkeun ti imah-imah ibadah urang Yahudi, malah engke aya mangsa, jelema anu maehan ka maraneh pangrasana mah ngabakti ka Allah.

³ Bakal dikitu-kitu maraneh ku jalma-jalma, lantaran maranehna teu nyarahoeun ka Rama, teu nyarahoeun ka Kami.

⁴ Lamun jalma-jalma ka maraneh geus kitu, maraneh sing aringet yen ku Kami geus dibejaan ti ayeuna keneh tina sual eta." "Hal ieu teu dibejakeun ti bareto soteh lantaran Kami aya di maraneh keneh.

⁵ Ayeuna Kami rek indit ka Anu ngutus, ku maraneh teu ditanyakeun arek ka mana.

⁶ Ayeuna ku Kami geus dibejaan, hate maraneh naralangsa.

⁷ Saenyanan Kami indit teh bakal leuwih mangpaat pikeun maraneh, sabab lamun Kami teu indit, Panulung teh moal sumping. Sabalikna lamun Kami indit engke bakal ngajurungkeun Anjeunna ka maraneh.

⁸ Lamun geus sumping, Anjeunna bakal ngabuktiikeun ka nu di dunya tina hal naon dosa maranehna, tina hal naon nu bener, jeung tina hal hukuman ti Allah.

⁹Tina hal dosana, lantaran maranehna henteu palercayaun ka Kami;

¹⁰tina hal nu bener, lantaran bener Kami indit teh ka Rama sarta ku maraneh moal katenjo deui;

¹¹tina hal hukuman ti Allah, lantaran nu nyangking kawasa di dunya teh geus nyandang hukuman.

¹²Picaritaeun Kami loba keneh tapi maraneh moal sanggup narimana ayeuna mah.

¹³Tapi engke, lamun Roh tea geus sumping, maraneh bakal ditungtun sangkan nyaraho kana sagala hal anu saestu, sabab Anjeunna bakal nganyatakeun hal Allah anu saestu-estuna. Anu bakal disaurkeun ku Anjeunna lain pilahir-Na ku anjeun; anu bakal disaurkeuna-Na teh hal-hal anu geus kadangu ku Anjeunna bae, sarta maraneh ku Anjeunna bakal dibere nyaho naon-naon anu baris kajadian engke.

¹⁴Anjeunna bakal ngagungkeun ka Kami, sabab nya Anjeunna anu bakal nepikeun pilahir-pilahir Kami ka maraneh.

¹⁵Sagala kagungan Rama, jadi milik Kami ongkoh. Nu matak ceuk Kami bieu, sagala hal anu ditepikeun ku Roh ka maraneh asalna ti Kami."

¹⁶"Kari sakeudeung deui maraneh narenjo Kami teh, tapi moal lila deui oge bakal narenjo deui."

¹⁷ Murid-murid aya anu silih tanya, "Naon maksudna? Saur-Na: Ngan kari sakeudeung deui urang narenjo Anjeunna teh, tapi saur-Na keneh: Sakeudeung deui oge bakal narenjo deui. Jeung saur-Na: Sabab Kami rek mulang ka Rama.

¹⁸ Naon hartina sakeudeung deui teh? Teu ngarti urang mah Anjeunna nyaurkeun naon."

¹⁹ Yesus uningaeun yen maranehna harayang nanya, tuluy Anjeunna nyarios, saur-Na, "Ceuk Kami bieu, Ngan kari sakeudeung deui maraneh narenjo Kami teh, tapi moal lila deui oge bakal narenjo deui. Eta anu disualkeun ku maraneh teh?

²⁰ Satemenna ceuk Kami: Maraneh bakal ceurik jeung prihatin, tapi dunya mah bakal suka. Maraneh bakal nalangsa, tapi kanalangsaan maraneh bakal robah jadi kagumbiraan.

²¹ Awewe nu rek ngajuru tangtu susah hatena lantaran tereh nandangan kanyeri, tapi barang geus ngajuru sagala kanyerina moal dirasa, kasilep ku rasa bagja dumeh orokna geus lahir ka dunya.

²² Nya kitu maraneh oge: Ayeuna sarusah hate. Tapi Kami tangtu datang deui ka maraneh, sarta maraneh bakal ngarasa bagja, rasa bagja moal beunang disisilahan.

²³ Dina mangsa eta maraneh geus moal aya tanyakeuneun deui ka Kami. Sing percaya, naon bae pamenta maraneh ka Rama anu

dipenta bari mawa ngaran Kami, ku Rama tangtu dikabul.

²⁴ Nepi ka ayeuna maraneh can barangpenta naon-naon mawa ngaran Kami. Pek marenta, tangtu bakal narima, sangkan kasenangan hate maraneh sampurna."

²⁵ "Bareto Kami ngawuruk ka maraneh teh sok ku ibarat bae. Engke mah kaayaan Rama teh rek ditetelakeun sajentrena, moal ku ibarat deui.

²⁶ Engke mah maraneh kudu barangpenta ka Rama teh nyebut ngaran Kami, jadi teu kudu dipangmentakeun deui ku Kami,

²⁷ sabab Rama ku manten mikanyaah ka maraneh, lantaran maraneh nyaraah jeung palercaya yen Kami asal ti Allah.

²⁸ Saestuna, Kami teh ti Rama, datang ka dunya, sarta ayeuna rek ninggalkeun ieu dunya, mulang deui ka Rama."

²⁹ Pihatur murid-murid, "Ayeuna Gusti ngalahir teh parantos sageblasna, henteu ku ibarat deui.

³⁰ Abdi-abdi nembe terang yen Gusti uninga kana sagala rupi. Gusti teu perlu ku jalmi anu nyual, sareng ku margi kitu abdi-abdi percanten, Gusti teh asal ti Allah."

³¹ Waler Yesus, "Percaya maraneh ayeuna?

³² Mangka nyaraho, tereh datang mangsana, malah eta mangsa teh geus datang, maraneh bakal dipaburencaykeun, marulang ka tempat masing-masing, Kami pada naringgalkeun.

Tapi sanajan kitu ge Kami moal nyorangan,
sabab aya Rama anu nyarengan.

³³ Ieu kabeh ku Kami dibejakeun, supaya
maraneh sarenang hate ngahiji ka Kami.
Maraneh ku dunya bakal dikaniaya, tapi sing
taleger, sabab dunya geus eleh ku Kami."

17 ¹Sanggeus ngalahir kitu Yesus tanggah
terus unjukan kieu, "Ama, waktosna
parantos dongkap. Putra Ama mugi dipaparin
kamulyaan, supados Putra matak mulya ka
Ama.

²Putra ku Ama parantos dipaparin kawasa
ka sakumna manusa, dugi ka tiasa maparin
hirup langgeng ka jalmi-jalmi anu ku Ama
diserenkeun ka Putra.

³Dipi hirup langgeng teh nya eta: Terang ka
Ama, Allah sajati anu mung hiji, sareng ka
utusan Ama, Yesus Kristus.

⁴Kamulyaan Ama ku Abdi parantos
dipencarkeun di bumi, padamelan ti Ama
parantos beres dilampahkeun sadayana.

⁵Ama! Mugi kamulyaan Abdi anu kapungkur,
anu ayeuna aya di Ama dipaparinkeun deui,
nya eta kamulyaan Abdi anu sami-sami jadi
kamulyaan Ama ti memeh dunya dijadikeun.

⁶Ama ku Abdi parantos diutarakeun ka
jalmi-jalmi di dunya, anu ku Ama dipasihkeun
ka Abdi. Maranehna kagungan Ama anu
diserenkeun ka Abdi. Maranehna parantos
narurut kana pangandika Ama,

⁷ parantos tarerangeun yen saniskanten anu katampi ku Abdi teh asalna ti Ama.

⁸ Pangandika Ama ku Abdi parantos diwurukkeun ka maranehna sareng ditarampi; maranehna parantos tarerangeun yen Abdi asal ti Ama, palercayaeun yen Ama anu ngutus.

⁹ Ayeuna Abdi mangnedakeun maranehna; sanes mangnedakeun dunya, nanging mangnedakeun jalmi-jalmi paparin ti Ama, kagungan Ama tea.

¹⁰ Sagala kagaduh Abdi kagungan Ama, sagala kagungan Ama kagaduh Abdi; Abdi parantos diagungkeun ku maranehna.

¹¹ Dupi ayeuna Abdi sumeja dongkap ka Ama, di dunya moal lami deui. Nanging maranehna mah tetep di dunya. Ama Nu Suci! Mugi maranehna diraksa ku kakawasaan jenengan Ama, nya eta jenengan anu ku Ama dipaparinkeun ka Abdi, supados maranehna jadi sahiji sapertos Ama sareng Abdi sahiji.

¹² Sapanjang disareangan keneh ku Abdi, maranehna aman ku Abdi dijagi nganggo kakawasaan jenengan Ama, jenengan anu ku Ama dipasihkeun ka Abdi. Maranehna ku Abdi dijagi, saurang ge teu aya nu ical, kajabi anu saurang, anu memang kedah ical, supados laksana nu kaungel dina Kitab Suci.

¹³ Ayeuna Abdi sumeja wangsul ka Ama. Perkawis ieu ku Abdi diunjukkeun sabot di

dunya keneh, supados maranehna tiasa ngarasakeun sapinuhna rasa suka hate Abdi.

¹⁴ Maranehna parantos narampi pangandika Ama, dugi ka dipikageuleuh ku dunya, margi maranehna oge sapertos Abdi sanes gaduhna dunya.

¹⁵ Abdi moal nyuhunkeun supados maranehna oge dicandak ti dunya, mung supados ku Ama ditangtayungan ti si Jahat.

¹⁶ Sakumaha Abdi sanes gaduhna dunya, maranehna oge sanes gaduhna dunya.

¹⁷ Mugi maranehna dijadikeun kagungan Ama anu disahkeun ku kaestuan. Nya pangandika Ama kaestuan teh.

¹⁸ Maranehna ku Abdi diutus ka dunya sapertos Abdi diutus ku Ama ka ieu dunya.

¹⁹ Abdi ngabaktoskeun diri ka Ama, supados maranehna oge tiasa dibaktoskeun ka Ama, supados leres-leres jadi kagungan Ama.

²⁰ Abdi sanes mung mangnedakeun maranehna bae, nanging mangnedakeun oge jalmi-jalmi anu bakal palercaya ka Abdi tina pangwawaran maranehna.

²¹ Mugi eta jalmi-jalmi oge didamel jadi sahiji. Ama! Mugi maranehna oge dikersakeun ngahiji ka Urang, sapertos Ama ngahiji ka Abdi, Abdi ngahiji ka Ama. Mugi maranehna dihijikeun, supados dunya percayaean yen Ama parantos ngutus Abdi.

²² Maranehna parantos disina nyandang kamulyaan Abdi anu ti Ama tea, sina ngahiji sakumaha Abdi sareng Ama teh hiji:

²³ Abdi ngahiji di maranehna, Ama ngahiji di Abdi, dugi ka maranehna sakumna jadi hiji, dugi ka dunya sina terangeun yen Ama parantos ngutus Abdi, sareng sina terangeun yen Ama mikaasih ka eta jalmi-jalmi sakumaha mikaasih ka Abdi.

²⁴ Ama! Eta jalmi-jalmi ku Ama parantos dipaparinkeun ka Abdi. Kahoyong mah maranehna sing araya di tempat Abdi, sina naringal kamulyaan Abdi anu ti Ama tea, tawis mikaasih ka Abdi ti memeh dunya diadegkeun.

²⁵ Nun Ama anu maha adil! Dunya teu terangeun ka Ama, dupi Abdi mah terang; jalmi-jalmi paparin Ama tea oge tarerangeun yen Ama anu ngutus Abdi.

²⁶ Ama ku Abdi parantos dikenalkeun ka maranehna sareng bade dikenalkeun saterasna, supados kaasih Ama ka Abdi tumerap ka maranehna, supados Abdi oge tiasa ngahiji sareng maranehna."

18¹ Sanggeus ngucapkeun eta paneda, Yesus angkat jeung murid-murid, terus meuntasan Walungan Kidron. Di eta tempat aya hiji taman, sarta Yesus lebet ka dinya jeung murid-murid.

²Yudas anu rek ngahianat nyahoeun ka eta tempat, sabab ku Yesus geus sering dicandak ka dinya jeung murid-murid.

³Nu matak tuluy manehna nyusul ka dinya, mawa pasukan serdadu Rum jeung pangawal-pangawal Bait Allah, titahan imam-imam kapala jeung urang Parisi, marawa pakarang, lantera jeung obor.

⁴Yesus anu geus uningaeun ti anggalna ku nu bakal tumiba ka salira-Na majeng nembongkeun anjeun, tuluy mariksa, "Maraneh nareangan saha?"

⁵Walonna, "Neangan Yesus urang Nasaret." "Ieu Kami," saur Yesus. Yudas, si hianat tea aya nangtung jeung nu loba.

⁶Barang Yesus ngalahir Ieu Kami, jalma-jalma mani malundur terus rarubuh kana taneuh.

⁷Yesus mariksa deui, "Maraneh nareangan saha?" "Yesus urang Nasaret," walon maranehna.

⁸Saur Yesus, "Ti tadi ge ceuk Kami ieu Kami. Upama enya anu ditareangan teh Kami, nu sejen ulah diganggu."

⁹(Lahirana-Na kitu pikeun ngabuktikeun kasaurana-Na anu kieu tea: "Ama! Jalmi-jalmi paparin ti Ama ka Abdi teh pangesto teu aya nu ical.")

¹⁰Simon Petrus anu mawa pedang nyabut pedangna, tuluy dikadekkeun ka hiji badega

Imam Agung ngaran Malkus, rampung ceulina
anu katuhu.

¹¹ Yesus ngalahir ka Petrus, "Sarungkeun
deui pedang maneh! Pangira maneh ieu lumur
panganiayaan ti Ama Kami teh ku Kami moal
diinum?"

¹² Geus kitu serdadu-serdadu Rum, kapala
pasukanana, jeung para pangawal urang
Yahudi narangkep terus ngabarogod Yesus.

¹³ Yesus dibawa, tuluy ditembongkeun heula
ka Anas, mertuana Kayapas. Ari Kayapas teh
Imam Agung taun eta.

¹⁴ Kayapas kungsi nganasehatan ka para
gegeden Yahudi yen leuwih hade paeh
jalma saurang pikeun kasalametan sakumna
bangsa.

¹⁵ Waktu Yesus dibawa, Simon Petrus
nuturkeun jeung baturna saurang anu geus
dikenal ku Imam Agung. Eta batur Petrus
milu asup jeung Yesus ka buruan bumi Imam
Agung,

¹⁶ ari Petrus eureun di lawang buruan. Geus
kitu batur Petrus teh kaluar deui, nyarita ka
awewe anu jaga lawang buruan, tuluy ngajak
Petrus ka jero.

¹⁷ Eta awewe jaga lawang nanya ka Petrus,
"Anjeun lain murid-Na jelema nu itu?" "Lain,"
walon Petrus.

¹⁸ Ku sabab tiris, gandek-gandek jeung para
pangawal nyarieun pirunan, tuluy narangtung

ngariung seuneu, saliduru. Petrus oge milu siduru.

¹⁹ Yesus dipariksa ku Imam Agung hal murid-murid-Na jeung pangajarana-Na.

²⁰ Waler Yesus, "Kaula nyanggem ka saha-saha oge satarabasna. Pangajaran Kaula diwurukkeunana di imah-imah ibadah atanapi di Bait Allah tempat kempelna jalmi-jalmi. Nyanggemkeun naon-naon oge Kaula tara susulumputan.

²¹ Naha mariksakeun ka Kaula? Pariksakeun bae ka jalmi-jalmi anu sok ngarupingkeun Kaula, tangtos tarerangeun naon anu disanggemkeun ku Kaula."

²² Barang Yesus nyaurkeun kitu salah saurang pangawal di dinya terus nyabok ka Anjeunna bari ngomong, "Wani temen Maneh ngomong saperti kitu ka Imam Agung!"

²³ Waler Yesus, "Lamun omongan Kami salah, coba terangkeun ka nu araya di dieu naon salahna. Tapi upama omongan Kami bener, ku naon maneh nyabok?"

²⁴ Geus kitu Anjeunna ku Anas dikintunkeun ka Imam Agung Kayapas, ditarogod keneh.

²⁵ Ari Petrus keur siduru keneh. Ku nu keur saliduru ditanya, "Ari anjeun lain murid jelema itu?" Petrus ngangles, "Lain!"

²⁶ Ari ceuk hiji gandek Imam Agung barayana Malkus anu dikadek ceulina tea, "Naha lain anjeun anu ku kuring katenjo aya di taman jeung Yesus teh?"

²⁷ "Lain," walon Petrus deui. Harita keneh kadenge hayam kongkorongok.

²⁸ Isuk-isuk keneh pisan Yesus dibawa ti bumi Kayapas ka karaton guper nur. Tapi para gegeden Yahudi henteu arasup ka jero karaton, ngajaga dirina ulah jadi najis ceuk agama, supaya meunang milu ngadahar jamuan Paska.

²⁹ Ku sabab kitu Pilatus kaluar nemonan, tuluy mariksa, "Naon perkara eta jelema dibawa ka kami?"

³⁰ Walon maranehna, "Upami teu jahat ge tangtos moal dibantun ka Juragan."

³¹ Saur Pilatus, "Uruskeun bae ku maraneh nurutkeun hukum maraneh." Walon maranehna, "Bangsa sim kuring teu diidinan ngajalankeun hukum pati."

³² (Pang kitu teh supaya laksana pilahir Yesus basa ngagambarkeun cara pipupuseuna-Na tea.)

³³ Pilatus lebet deui ka karaton, Yesus disaur jeung terus dipariksa, "Anjeun teh Raja urang Yahudi?"

³⁴ Waler Yesus, "Juragan mariksa kitu teh nahe dumeh uninga ku anjeun atanapi aya anu ngawartosan?"

³⁵ Waler Pilatus, "Na kaula teh urang Yahudi? Anjeun diserenkeun ka kaula teh ku bangsa sorangan jeung ku imam-imam kapala. Anjeun geus nyieun lampah naon?"

³⁶ Waler Yesus, "Karajaan Kaula sanes ti dunya ieu. Upami karajaan Kaula ti ieu dunya, para panganut Kaula baris tarung ngabelaan, ulah dugi ka Kaula beunang ku gegeden-gegeden urang Yahudi. Sanes, karajaan Kaula sanes ti ieu dunya!"

³⁷ Saur Pilatus, "Jadi enya Anjeun teh raja?" Waler Yesus, "Saur Juragan, Kaula teh raja. Tujuan Kaula medal sareng dongkap ka ieu dunya seja ngawurukkeun hal kaestuan. Jalmi anu dipimilik ku kaestuan tangtos daekeun ngupingkeun ka Kaula."

³⁸ "Naon kaestuan teh?" Pilatus mariksa. Ti dinya Pilatus kaluar, tuluy ngalahir ka urang Yahudi, "Kami teu manggih lantaran pikeun ngahukum eta jalma.

³⁹ Nurutkeun adat kabiasaan maraneh, saban-saban poe Paska kami salawasna sok ngabebaskeun salah saurang sakitan pikeun maraneh. Kumaha ayeuna kahayang maraneh, Raja urang Yahudi anu kudu dibebaskeun teh?"

⁴⁰ "Ulah! Ulah Manehna! Hayang Barabas!" jawab maranehna tingjarerit. (Barabas teh penjahat.)

19¹ Pilatus lebet deui, tuluy nimbalan supaya Yesus dirangket.

² Ari serdadu-serdadu tuluy nyieun mamakutaan tina regang-regang anu cucukan, diterapkeun kana mastaka Yesus

sarta Anjeunna dianggoanan jubah warna wungu.

³ Geus kitu serdadu-serdadu teh daratang jeung ngaromong ka Anjeunna, "Wilujeng Raja urang Yahudi!" pokna bari terus narampiling.

⁴ Pilatus kaluar deui, ngalahir ka urang Yahudi, "Tarenjokeun! Eta jelema ku kami rek dibawa ka hareupeun maraneh. Kami rek ngabuktikeun yen kami teu manggih sabab pikeun ngahukum Manehna."

⁵ Ti dinya Yesus kaluar, nganggo jubah wungu jeung makuta cucuk. Pilatus ngalahir, "Tarenjo ieu jelema!"

⁶ Imam-imam kapala jeung para pangawal Bait Allah narenjo ka Anjeunna, tuluy tinggorowok, "Salibkeun! Salibkeun!" Saur Pilatus, "Pek bae ku maraneh salibkeun. Kami mah teu manggih sabab pikeun ngahukum."

⁷ Jalma-jalma narembalan, "Ceuk hukum bangsa kuring, eta jelema kudu dipaehan, sabab ngaku-ngaku jadi Putra Allah!"

⁸ Ngadangu jawaban maranehna kitu Pilatus beuki ngaraos risi,

⁹ tuluy lebet deui ka karaton. Yesus dipariksa deui, "Anjeun ti mana asal?" Tapi Yesus teu ngawaler.

¹⁰ Pilahir Pilatus ka Anjeunna, "Erbung Anjeun teh ngomong ka kaula? Inget, kaula kawasa ngabebaskeun atawa nyalibkeun Anjeun."

¹¹ Waler Yesus, "Juragan iasa kawasa ka Kaula mung ku margi aya widi ti Allah. Ku margi kitu jalmi anu nyerenkeun Kaula ka Juragan dosana langkung abot."

¹² Ngadangu pilahir Yesus kitu, Pilatus sateka-teka milarian jalan pikeun ngabebaskeun Anjeunna. Tapi urang Yahudi tingcorowok pokna, "Upami eta jalmi dibebaskeun, hartosna Juragan teh sanes mitra Prabu. Jalmi anu ngaku-ngaku raja teh hartosna ngalawan ka Prabu!"

¹³ Ngadenge jawaban kitu, Pilatus tuluy nyandak Yesus ka luar, terus linggih dina korsi pangadilan di tempat anu disebut "Lante Batu". (Dina basa Ibrani ngaranna "Gabata".)

¹⁴ Harita geus meh pukul dua welas beurang, kari sapoe eta deui kana poe Pesta Paska. Pilatus ngalahir ka urang Yahudi, "Ieu teh raja maraneh!"

¹⁵ Jalma-jalma Yahudi tinggorowok deui, "Paehan! Paehan! Salibkeun!" Lahiran Pilatus, "Jadi kami kudu nyalibkeun raja maraneh?" Dijarawab ku imam-imam kapala, "Teu gaduh deui raja lian ti Prabu!"

¹⁶ Ahirna Yesus ku Pilatus diserenkeun ka maranehna sina disalib. Yesus geus dicangking ku maranehna.

¹⁷ Anjeunna kaluar bari manggul salib-Na ku anjeun, terus nepi ka tempat anu katelah "Tempat Tangkorek". (Dina basa Ibrani disebutna "Golgota".)

¹⁸Di dinya Anjeunna terus disalibkeun, bareng jeung dua penjahat anu disalibkeunana kiwaeun jeung tengeneuna-Na.

¹⁹Dina pucuk salib Yesus aya tulisan Pilatus, ungelna: "Yesus urang Nasaret Raja urang Yahudi".

²⁰Kabaca ku jalma loba, kawantu tempat nyalibkeuna-Na teh teu pati jauh ti kota. Tulisanana dina tilu rupa basa, Ibrani, Latin, jeung Yunani.

²¹Imam-imam kapala marenta ka Pilatus pokna, "Ulah diserat Raja urang Yahudi, kedah, Ceuk ieu jelema, Kami Raja urang Yahudi."

²²Waler Pilatus, "Anu geus dituliskeun ku kami tetep dituliskeunana."

²³Anggoan Yesus ku serdadu-serdadu anu tas nyalibkeuna-Na dibagi opat keur maranehna, hiji serdadu hiji bagian. Barang giliran jubah-Na, eta jubah teh tinunan sagebaran, teu aya jaitanana.

²⁴Ceuk serdadu-serdadu, "Ieu jubah ulah dipecah, urang lotrekeun bae saha engke anu meunangna." Eta kajadian teh nyumponan sakumaha anu geus dituliskeun dina Kitab Suci anu ungelna kieu: "Pakean Kami ku maranehna dibagi-bagi, jubah Kami dilotrekeun." Nya kitu pisan anu dilampahkeun ku eta serdadu-serdadu teh.

²⁵ Deukeut kana salib Anjeunna aya ibu-Na, saderek istri ibu-Na, Maria bojo Klopas, jeung Maria Magdalena.

²⁶ Yesus ningali ka ibu-Na jeung ka murid anu dipikaasih, tuluy ngalahir ka ibu-Na, "Ibu, eta teh putra ibu!"

²⁷ Ngalahir deui ka eta murid, "Eta teh indung hidep!" Ti harita ibuna Yesus ku eta murid diaku indung, dibawa ka imahna.

²⁸ Yesus geus ngaraos yen sagala rupana ayeuna geus tutas. Jeung sangkan laksana anu kaungel dina Kitab Suci, Anjeunna ngalahir, "Kami halabhab!"

²⁹ Di dinya aya mangkok, eusina cai angur haseum, seug aya anu niir sepon, dicelupkeun kana eta angur terus diantelkeun kana lambey Yesus.

³⁰ Sanggeus Anjeunna ngaraosan, tuluy ngalahir, "Geus tutas!" Sanggeus kitu mastaka-Na ngulahek, Yesus geus pupus.

³¹ Para gegeden Yahudi tuluy marenta idin ka Pilatus pikeun mingges-minggeskeun suku jalma-jalma anu keur disalibkeun, sarta mayit-mayitna rek diturunkeun tina salib. Pangna marenta kitu lantaran harita poe Jumaah. Maranehna hayang supaya dina poe isukna, poe Sabat, ulah aya mayit anu diantep dina salibna, lantaran poe Sabat nu eta teh Sabat anu kacida sucina.

³² Ti dinya serdadu-serdadu mingges-minggeskeun suku jalma hukuman, mimiti nu

duaan heula, anu bareng disalibkeun jeung Yesus.

³³ Barang rek minggeskeun sampean Yesus, teu tulus, sabab tetela Anjeunna mah geus pupus.

³⁴ Tapi aya hiji serdadu anu nojos angkeng-Na ku tumbak, brey bijilan getih campur cai.

³⁵ (Jalma anu nyaritakeun ieu kajadian teh anu geus nenjoeun kajadianana, nepi ka aranjeun oge baris percaya. Anu dicaritakeun ku eta jalma memang hal anu saenyana, sarta manehna yakin yen nyaritakeun anu saenyana.)

³⁶ Kitu kajadianana, supaya laksana ungel Kitab Suci anu kieu, "Tulang Anjeunna sahiji ge moal aya anu dipotongkeun."

³⁷ Aya deui ungel Kitab Suci anu kieu, "Jalma-jalma ngarawaskeun ka Anjeunna sanggeus Anjeunna ditumbak."

³⁸ Aya hiji jelema, (panganut Yesus keneh ngan teu wanieun nembrak lantaran sieuneun ku para gegeden Yahudi), ngaranna Yusup urang Arimatea, menta idin ka Pilatus nyokot layon Yesus. Ku Pilatus diidinan, tuluy layon teh ku Yusup dicokot.

³⁹ Nikodemus, anu bareto nepungan Yesus peuting-peuting tea, maturan ka Yusup. Manehna mawa seuseungitan nya eta emur campur garu, lobana kira-kira tilu puluh kilo.

⁴⁰ Layon Yesus ku Yusup jeung

Nikodemus dibungkus ku lawon linen
katut seuseungitanana, sakumaha adat urang
Yahudi nguburkeun mayit.

⁴¹ Di tempat Yesus disalib aya hiji taman,
sarta di eta taman aya hiji pakuburan
weuteuh can dipake ngubur saha-saha.

⁴² Ku sabab poe eta nyanghareupan poe
Sabat, tur aya kuburan anu deukeut, layon
Yesus tuluy dikurebkeun di dinya.

20¹ Poe Minggu isuk-isuk, poek-poek
keneh Maria Magdalena indit ka
kuburan, ari datang nyampak batu tutup
lawang kuburan geus aya nu mindahkeun.

²Maria Magdalena lumpat manggihan Simon
Petrus jeung murid anu dipikaasih ku Yesus,
hariweusweus pokna, "Gusti urang aya nu
maling ti kuburan, duka dibawa ka mana!"

³Petrus jeung eta murid lalumpat ka
kuburan,

⁴tapi baturna lumpatna leuwih tarik, nepina
ka kuburan ti heula.

⁵Tapi henteu terus asup, ngan nempo bae
ka jero kuburan, beh nenjo lawon linen
ngalumbuk.

⁶Teu lila jol Simon Petrus, datang-datang
terus asup ka jero kuburan, tapi ngan nenjo
lawon linen bae

⁷jeung urut bulen mastaka Yesus, ngan ieu
mah misah sarta ngagulung.

⁸Murid anu datang ti heula tea oge terus asup ka jero kuburan, tuluy percaya kana tetenjoanana.

⁹(Ku maranehna can kaharti eusi Kitab Suci anu nyebutkeun yen Anjeunna kudu tanghi tina pupusna.)

¹⁰Geus kitu maranehna baralik.

¹¹Maria ceurik deukeut kuburan, tuluy nempo ka jero kuburan bari ceurik.

¹²Beh nenjo aya dua malaikat, panganggona bodas, keur caralik dina urut Yesus ebog dina mastakaeun jeung dina tunjangeuna-Na.

¹³"Ku naon Nyai ceurik?" malaikat mariksa. "Gusti abdi aya nu maling, duka dibantun ka mana," walon Maria.

¹⁴Sanggeus kitu manehna malik bari luak-lieuk, breh ningal Yesus keur ngadeg, tapi manehna teu wawuheun yen Anjeunna teh Yesus.

¹⁵Ku Yesus dipariksa, "Ku naon Nyai ceurik? Neangan saha?" Panyangka Maria Anjeunna teh tukang kebon, tuluy ngawalon, "Manawi Juragan anu nyandak Anjeunna, wertoskeun dicandak ka mana, ku abdi bade dibantun deui!"

¹⁶Pilahir Yesus, "Maria!" Maria ngarenjag terus nelek-nelek, pok bae unjukan ku basa Ibrani, "Rabuni!" (Hartina "Guru".)

¹⁷"Ulah nyabak ka Kami," pilahir Yesus, "sabab Kami tacan unggah ka Rama. Anggur bejakeun ka dulur-dulur Kami, yen Kami arek

mulang ka Rama, nya eta Rama Kami jeung Rama maranehna, Allah Kami jeung Allah maranehna."

¹⁸ Maria Magdalena indit ti dinya, pupulih ka murid-murid Anjeunna yen manehna geus nenjo Gusti, jeung nepikeun pilahir-Na.

¹⁹ Dina malem Senenna, geus peuting, murid-murid keur karumpul di hiji imah, pantona ditulakan lantaran sarieuneun ku gegeden-gegeden Yahudi. Yesus sumping sarta ujug-ujug geus ngadeg di dinya, tuluy ngalahir, "Salam rahayu!"

²⁰ Geus kitu Anjeunna nembongkeun panangan jeung angkeng-Na. Sanggeus tetela Anjeunna teh Gusti, murid-murid kacida aratoheunana.

²¹ Yesus ngalahir deui, "Salam rahayu. Sakumaha Rama geus ngutus Kami, Kami oge rek ngutus maraneh."

²² Ti dinya Anjeunna niupkeun napas ka murid-murid-Na. "Tarima ieu Roh Suci," saur-Na.

²³ "Saha-saha anu ku maraneh dihampura dosana, ku Allah oge bakal dihampura; upama ku maraneh henteu dihampura, ku Allah oge moal dihampura."

²⁴ Tomas, murid ti nu dua welas (anu sok disebut si "Kembar"), waktu Yesus nembongan teh keur teu aya,

²⁵ seug dibarejaan ku murid-murid sejen, "Urang mah geus panggih deui jeung Gusti!"

Tembal Tomas, "Kuring mah mun can nenjo jeung can ngusapkeun ramo kana tapak paku dina panangana-Na, jeung can nyabakkeun leungeun kana angkeng-Na, moal percaya!"

²⁶ Heuleut saminggu ti harita murid-murid kumpul deui di jero imah anu kamari ieu, Tomas oge aya. Pantona ditulakan, tapi Yesus sumping, ujug-ujug geus ngadeg di dinya. Tuluy ngalahir, "Salam rahayu."

²⁷ Ti dinya ngalahir ka Tomas, "Rampakeun ramo maneh kana ieu, tenjo ieu leungeun Kami. Sodorkeun leungeun maneh, cabak ieu cangkeng Kami. Geus, ulah cangcaya, sing percaya!"

²⁸ "Gusti sim abdi, Allah sim abdi!" walon Tomas.

²⁹ Pilahir Yesus ka Tomas, "Maneh percaya da geus nenjo Kami, nya? Bagja kacida anu percaya sanajan teu kungsi nenjo heula ka Kami!"

³⁰ Yesus ka murid-murid-Na nembongkeun rupa-rupa deui kaajaiban anu henteu ditulis dina ieu kitab.

³¹ Tapi sakabeh anu geus dituliskeun maksudna netelakeun yen Yesus teh Kristus, Jurusalamet, Putra Allah, supaya dulur-dulur percaya. Sabab lamun dulur-dulur percaya ka Anjeunna tangtu meunangkeun hirup.

21 ¹Sanggeus eta, Yesus nembongan deui ka murid-murid-Na, di sisi Talaga Tiberias. Kieu kajadianana:

²Simon Petrus, Tomas (anu disebut si Kembar), Natanael (urang Kana, Galilea), dua anak Sebedeus, jeung dua murid deui, karumpul.

³Ceuk Simon Petrus, "Kuring rek ngala lauk." "Kuring milu," ceuk nu sejen. Tuluy sarerea kana parahu, tapi sapeuting jeput teu meunang naon-naon.

⁴Wanci meletek panonpoe Yesus ngadeg di sisi cai, tapi murid-murid teu warawuheun.

⁵Anjeunna mariksa, "Barudak, can beubeunangan?" "Teu acan!" jawab maranehna.

⁶Saur Yesus, "Semprangkeun heurapna ka katuhueun parahu, tangtu aya nu beunang!" Seug heurapna disemprangkeun, barang ditarik meh teu kaangkat pinuh ku lauk.

⁷"Geuning Gusti!" ceuk murid anu dipikaasih ku Yesus ka Petrus. Dibejaan yen Gusti, rap bae Petrus make baju (sabab keur teu make baju), tuluy luncat kana cai.

⁸Ka darat teu pati jauh, kira-kira saratus meter. Nu sejen oge terus nyarisi dina parahu bari narik heurap anu pinuh ku lauk.

⁹Barang tarurun tina parahu nyampak geus aya seuneu areng ruhay, di luhurna diteundeunan lauk jeung roti sababaraha siki.

¹⁰Yesus ngalahir, "Bawa ka dieu saeutik lauk beunang bieu."

¹¹Simon Petrus unggah kana parahu narik heurap ka darat. Laukna galede aya saratus

lima puluh tilu siki. Sakitu lobana lauk anu beunang, tapi heurapna teu nepi ka bedah.

¹² Yesus ngalahir, "Ka darieu, dalahar." Murid-murid teu aya anu wanieun nanya, "Dipi Bapa saha?" da geus nyarahoeun yen Anjeunna teh Gusti.

¹³ Ku sabab kitu Yesus terus nyandakan roti jeung lauk dibagikeun ka maranehna.

¹⁴ Ti barang gugah tina pupus nepi ka harita, Yesus geus katilu kalina nembongan ka murid-murid.

¹⁵ Sanggeus dalahar, Yesus mariksa ka Simon Petrus, "Simon anak Yonas, enya hidup nyaah ka Kami leuwih ti nu sejen?" "Sumuhun Gusti," walon Petrus, "Gusti uninga yen abdi teh nyaah ka Gusti." Saur Yesus, "Panguruskeun anak-anak domba Kami."

¹⁶ Geus kitu mariksa deui kadua kalina, "Simon anak Yonas, enya hidup nyaah ka Kami?" Walon Petrus, "Sumuhun Gusti, Gusti uninga yen abdi nyaah ka Gusti." Saur Yesus, "Panguruskeun domba-domba Kami."

¹⁷ Katilu kalina Anjeunna mariksa deui, "Simon anak Yonas, enya hidup nyaah ka Kami?" Dipariksa nepi ka tilu kali, "Enya hidup nyaah ka Kami?" Petrus jadi nalangsa, tuluy unjukan, "Gusti, Gusti uninga kana saniskanten perkawis, tangtos uninga yen abdi nyaah ka Gusti." Saur Yesus, "Panguruskeun domba-domba Kami."

¹⁸ Satemenna ceuk Kami: Maneh keur ngora mah biasa sok ras jig, indit ka mana kahayang. Tapi engke ari geus kolot, maneh kudu pasrah ngasongkeun leungeun ditarogod ku batur, indit ka mana karep nu mawa, lain kahayang sorangan."

¹⁹ (Ieu pilahir Anjeunna, ngagambarkeun carana Petrus nekanan ajalna engke sangkan Allah dimulyakeun.) "Tuturkeun Kami," saur Yesus ka Simon Petrus.

²⁰ Petrus ngaliek ka tukang, sihoreng dituturkeun ku murid anu dipikaasih ku Yesus, anu keur basa tuang peuting diukna nepi ka ngalendean ka Anjeunna jeung nanya kieu, "Saha jalmina anu bade ngahianat teh, Gusti?"

²¹ Barang Petrus nenjoeun ka manehna, tuluy nanya ka Yesus, "Gusti, dupi manehna kumaha?"

²² Waler Yesus, "Lain perkara maneh lamun manehna ku Kami dikersakeun hirup keneh nepi ka Kami datang deui. Tapi ari maneh, geura tuturkeun Kami!"

²³ Tuluy rame di kalangan panganut-panganut Yesus, magar murid anu eta mah moal maot-maot. Padahal Yesus henteu nyaurkeun yen manehna moal maot-maot, nyaurkeun soteh, "Lain perkara maneh lamun manehna ku Kami dikersakeun hirup keneh nepi ka Kami datang deui."

²⁴ Nya murid anu eta anu nyaritakeun ieu sagala perkara teh, jeung anu nuliskeunana, nepi ka urang teu hamham deui yen anu dicaritakeunana teh saestuna.

²⁵ Loba keneh perkara-perkara salian ti ieu anu dipidamel ku Yesus. Upama eta kabeh ditulis sarupa-sarupana, kawasna sadunya ge moal cukup keur nyimpen kitab-kitab nu rek ditulisanana.

Kisah Para Rasul

1 ¹Juragan Teopilus, Dina kitab nu kahiji, sugri anu dipidamel sareng diwulangkeun ku Yesus, ku sim kuring parantos diseratkeun sadayana, ti ngawitan Anjeunna barangdamel

²dugi ka Anjeunna dicandak ka sawarga. Memeh ka sawarga Anjeunna maparin pituduh-pituduh ku Roh Suci, ka jalmi-jalmi anu ku Anjeunna diangkat jadi rasul-rasul-Na.

³Saparantosna gugah tina pupus, salami opat puluh dinten Anjeunna sering nembongan ka rasul-rasul-Na, dugi ka teu matak hamham yen Anjeunna estu hirup deui, kataringal sareng sasauran ka aranjeunna perkawis Karajaan Allah.

⁴Dina hiji dinten Anjeunna ngalahir kieu ka sadaya rasul, "Maraneh ulah waka aringkah ti Yerusalem, dago heula anu geus dijangjikeun ku Rama, sakumaha nu geus dicaritakeun ku Kami tea.

⁵Yohanes ngabaptisna ku cai, maraneh mah sakeudeung deui bakal ngabaptis ku Roh Suci."

⁶Dina hiji waktos nuju karempel, rasul-rasul nararos ka Anjeunna, "Gusti, dupi Karajaan Israil teh bade ayeuna diadegkeunana deui ku Gusti?"

⁷ Waler Yesus, "Hal eta, poe jeung waktuna, Rama Kami anu kagungan hak nangtoskeun, maraneh ulah harayang nyaho.

⁸ Tapi maraneh, lamun Roh Suci geus sumping bakal narampa kawasa, pikeun jaradi saksi-saksi Kami di Yerusalem, di sakuliah Yudea, di Samaria, nepi ka tungtung bumi."

⁹ Sanggeus ngalahir kitu, Yesus dicandak ka sawarga, diarawaskeun nepi ka lesna teu katembong kahalangan ku mega.

¹⁰ Sabot rasul-rasul tingtaranggah ngawaskeun ka langit, jol jleg aya anu ngaradeg duaan deukeut ka aranjeunna anggoanana barodas, tuluy ngalahir,

¹¹ "Keur naraon narangtung di dieu taranggah ka langit, urang Galilea? Yesus anu dicandak ka sawarga teh engke bakal sumping deui cara kitu, sakumaha anu bieu katarenjo ku maraneh keur munggahna ka sawarga."

¹² Rasul-rasul marulih ti Gunung Jetun ka Yerusalem, jauhna kira-kira sakilometer,

¹³ terus lalebet ka kamar di loteng tempat aranjeunna numpang. Aranjeunna nya eta: Petrus, Yohanes, Yakobus jeung Andreas, Pilipus jeung Tomas, Bartolomeus jeung Mateus, Yakobus putra Alpeus, Simon Patriot, jeung Yudas putra Yakobus.

¹⁴ Rasul-rasul sering samiuk kumpul neneda. Salian ti aranjeunna aya oge wanita-wanita

anu ngariring neneda, oge Mariam ibu Yesus, jeung saderek-saderek Yesus.

¹⁵Dina hiji poe keur waktu aranjeunna kumpul deui aya kira-kira saratus dua puluh urang Petrus ngadeg tuluy sasauran kieu,

¹⁶"Para saderek! Anu diserat dina Kitab Suci perkawis pangandika Roh Suci, anu diucapkeun ku Daud ngeunaan hal Yudas anu mingpin nangkep Yesus, memang parantos kedahna laksana.

¹⁷Yudas urut batur urang, tadina oge geus kapilih ngiring baranggawe sareng urang."

¹⁸(Yudas geus maot di lahan beunangna meuli ku duit upah ngahianat tea, manehna di dinya ngagubrag nepi ka beuteungna gudawang, peujitna amburadul.

¹⁹Urang Yerusalem kabeh nyarahoeun kana eta kajadian, anu matak eta lahan ku maranehna dingaranan ku basa maranehna: Akeldama, anu hartina "Lahan Getih".)

²⁰"Margi," saur Petrus deui, "hal eta kaungel dina Kitab Jabur kieu, Mugia imahna sing suwung, sing ulah aya nu ngeusian. Sareng kieu, Jabatanana sing diganti ku nu sejen.

²¹(1: 21-22) Ku margi kitu, urang butuh saurang deui keur gentosna, anu kedah jadi saksi perkawis gugahna deui Gusti Yesus tina pupusna. Jalmina kedah anu parantos ngahiji sareng urang salami Gusti Yesus angkat-angkatan ka mana-mana sareng

urang, ti semet Yohanes ngawulangkeun baptisan dugi ka Yesus dicandak ka sawarga."

²²(1: 21)

²³Ku sakur nu araya di dinya dicalonkeun dua jelema piliheun nya eta: Yusup alias Barsabas (sok disebut oge Yustus), jeung Matias.

²⁴Seug diunjukkeun dina paneda, "Nun Gusti anu uninga kana eusi sanubari jalmi-jalmi! Mugi maparin terang anu mana ti antawis ieu pun dulur duaan anu kamanah ku Gusti,

²⁵baris jadi rasul gegentos Yudas anu parantos tigubrag ka tempat anu satimpal."

²⁶Geus kitu eta dua ngaran calon teh dilotre, ari elotna keuna ka Matias. Tuluy anjeunna diangkat jadi rasul pikeun nambah bilangan rasul anu ngan kari sawelas urang tea.

2¹Dina poe Pentakosta, umat anu palercaya teh karumpul di hiji tempat.

²Dumadakan ti langit aya anu ngaguruh sada angin gede, tuluy minuhan saeusim imah anu keur dicaralikan.

³Breh katembong ku aranjeunna aya anu tingsuliwer hurung saperti seuneu, bangunna siga letah-letah, areunteup ka sakur anu araya di dinya.

⁴Harita keneh aranjeunna geus kacalikan ku Roh Suci, tuluy salasauran ku basa-basa sejen, nurutkeun gerak ti Roh Suci tea.

⁵ Harita di Yerusalem loba urang Yahudi asal ti rupa-rupa nagara sakuliah dunya, jalma-jalma ibadah.

⁶ Barang ngadarenge sora ngaguruh kitu, jalma-jalma teh ngadareugdeug ka dinya. Maranehna pohara karageteunana ngadarenge rasul-rasul salasauran dina basa-basa maranehna masing-masing,

⁷ kabeh ngarasa helok. Pok ngaromong, "Eta nu ngaromong dina basa-basa sejen teh lain urang Galilea?

⁸ Aneh, kumaha pangna barisaeun basa-basa urang?

⁹ Urang teh aya anu ti Partia, ti Media, jeung ti Elam; ti Mesopotami, ti Yudea, jeung ti Kapadokia; ti Pontus, jeung ti Asia;

¹⁰ ti Prigia jeung ti Pampilia, ti Mesir, jeung ti daerah-daerah Libia deukeut Kirena. Aya anu ti Rum,

¹¹ boh bangsa Yahudi, boh bangsa-bangsa sejen anu arasup agama Yahudi; aya oge anu ti Kreta jeung ti Arab, tapi kabeh ngarti ka nu diucapkeun ku aranjeunna dina basa urang masing-masing, nyaurkeun hal padamelan Allah anu arajaib!

¹² Alamat naon ieu teh?" ceuk maranehna tingpelengk heran.

¹³ Tapi aya oge anu maroyok pokna, "Wah, eta mah nu keur marabok! Loba teuing nginum anggur!"

¹⁴ Neut Petrus ngadeg direncangan ku sawelas rasul deui, pok sasauran ka jalma rea, "Dulur-dulur sasama urang Yahudi, jeung sakumna urang Yerusalem!" saurna bedas. "Geura regepkeun! Kaula rek nerangkeun alamat ieu kajadian.

¹⁵ Kaula teh lain marabok, saperti panyangka aranjeun, sabab ayeuna teh kakara pukul salapan isuk.

¹⁶ Ieu kajadian teh enyana mah geus disaurkeun ti heula ku Allah make parantaraan Nabi Yoel, kieu:

¹⁷ Dawuhan Allah, Kieu pidameleun Kami dina ahir jaman. Roh Kami rek dikucurkeun ka unggal jalma. Anak-anak maraneh lalaki, awewe, ngembarkeun dawuhan Kami. Nu ngarora bakal mareunang tetenjoan, nu karolot bakal mareunang impian.

¹⁸ Dina jaman eta, dalah abdi-abdi Kami, awewe, lalaki, bakal dikucuran Roh Kami, sina ngutarakeun dawuhan Kami.

¹⁹ Kami rek ngayakeun mujijat-mujijat, anu araheng di langit, anu arajaib di bumi. Getih, seuneu, jeung mega kandel.

²⁰ Panonpoe bakal jadi poek, bulan jadi beureum kawas getih. Kitu, samemeh datang mangsa rawuhna Gusti, Poe anu agung jeung mulya.

²¹ Sing saha anu nyambat pitulung Gusti, tangtu disalametkeun.

²² Raregepkeun, dulur-dulur sasama urang Israil! Kakawasaan Yesus urang Nasaret geus nyata ka aranjeun, dibuktikeun ku padamelana-Na iasa ngajalankeun padamelan-padamelan Allah anu ajaib jeung araheng. Hal eta keur aranjeun geus teu matak bireuk, lantaran kajadianana oge di aranjeun keneh.

²³ Yesus teh ku Allah memang geus dipastikeun baris diserenkeun kana kakawasaan aranjeun, saluyu jeung rarancang-Na ku manten. Ku aranjeun ditelasan, pupus disalibkeun ku jelema-jelema anu daroraka.

²⁴ Tapi Anjeunna ku Allah geus ditanghikeun tina pupusna, ucul tina kakawasaan maot, sabab mustahil maot bisaeun nahan Anjeunna.

²⁵ Hal ieu sapagodos jeung anu disaurkeun ku Daud kieu: Abdi ningal Gusti saban winci, nu mawi moal galideur, reh ku Anjeunna diaping.

²⁶ Ku margi kitu abdi tansah bingah ati, biwir teu kendat mumuji. Najan abdi bakal maot, tangtos tengtrem ngantos di jero kuburan.

²⁷ Reh ku Gusti moal diantep di dunyana anu maraot; Gusti moal ngantep raga abdi-Na nu satia reksak binasa.

²⁸ Abdi dituduhan jalan kana hirup, nu sajati, diliputan kabagjaan, reh ku Gusti disareangan.

²⁹Dulur-dulur, sim kuring rek nyarita ka aranjeun terus terang hal Daud karuhun urang anu kamashur. Anjeunna pupus, pajaratanana aya nepi ka kiwari di tanah urang.

³⁰Anjeunna teh nabi, ti anggalna geus uningaeun yen turunan anjeunna bakal aya saurang anu ku Allah bakal dijenengkeun raja sakumaha anjeunna, sabab Allah geus maparin jangji kalawan sumpah ka anjeunna.

³¹Kana hal anu bakal dipidamel ku Allah ka hareup, nya eta nanghikeun Kristus Jurusalamet ti nu maraot, anjeunna geus dipaparin uninga ti memehna, nu matak iasaeun nyarioskeun, kieu saurna: Anjeunna moal diantep di dunyana anu maraot; salira-Na moal ruksak di jero kuburan.

³²Nya Yesus eta anu ku Allah ditanghikeun deui ti nu maraot teh, kaula sarerea saksina, anu naringal kajadianana.

³³Anjeunna geus dijungjung luhur, kenging tempat di tengeneun Allah, Rama-Na, nampi Roh Suci anu dijangjikeun. Tah anu ayeuna keur kataringal jeung kadarenge ku aranjeun teh nya eta lungsurna Roh Suci ka kaula sarerea, hiji kurnia ti Anjeunna.

³⁴Daud ku anjeun henteu munggah ka sawarga, tapi iasaeun nyaurkeun kieu: Pangeran ngadawuh ka Gusti kaula: Geura calik di katuhueun Kami,

35 nepi ka musuh-musuh Hidep ku Kami dijieun jojodog titincakan Hidep.

36 Ku sabab kitu sakumna urang Israil perlu terang enya-enya, yen anu ku Allah geus dijenengkeun Gusti jeung Jurusalamet teh nya eta Yesus anu disalibkeun ku aranjeun tea."

37 Jalma-jalma anu ngabarandungan kabeh tinghareruk, tuluy ngaromong ka Petrus jeung ka rasul-rasul lianna, "Kedah kumaha kuring sadaya teh, para saderek?"

38 Saur Petrus, "Kudu tarobat, jeung kudu dibaptis kalawan asmana Yesus Kristus, tangtu dosa-dosa aranjeun dihampura sarta bakal narampa sih kurnia Allah, nya eta Roh Suci.

39 Sabab hal eta dijangjikeunana ku Allah teh pikeun aranjeun saanak incu, jeung pikeun anu araya di tempat-tempat anu jarauh, cindekna pikeun sakabeh, anu bakal disalaur ku Pangeran Allah urang."

40 Kitu Petrus maparinna pertelaan ka jalma-jalma sarta rea-rea deui kasauranana mepelingan ka maranehanana, "Luputkeun diri aranjeun tina hukuman anu geus pasti bakal keuna ka ieu bangsa anu jahat!"

41 Loba pisan jelema anu palercaya ka anu dipertelakeun ku Petrus, tuluy maranehanana dibaptis. Dina poe eta, jelema-jelema anu palercaya teh nambahana kira-kira tilu rebu urang,

⁴²kabeh pada saregep kana piwulang rasul-rasul, kana samiuk kumpul, samiuk dahar, jeung kana samiuk neneda.

⁴³Rasul-rasul pada mikahelok jeung pada mikaajrih lantaran sering ngayakeun hal-hal anu aheng.

⁴⁴Jalma-jalma anu geus palercaya beuki silih raketan, kabeh raridoeun pangabogana dipake keur kaperluan sarerea.

⁴⁵Barang-barang jeung harta bandana dijarual, duitna dibagikeun, gedena panta-panta nurutkeun pangabutuhna masing-masing.

⁴⁶Unggal poe kumpulan di Bait Allah, dalaharna pindah-pindah imah bagilir dibarengan ku langsar hate

⁴⁷jeung maruji ka Allah, tur dipikaresep ku jalma rea. Jumlahna saban poe nambahana bae, beuki loba anu disalametkeun.

3¹Dina hiji poe kira-kira pukul tilu sore, waktuuna sembahyang, Petrus jeung Yohanes arangkat ka Bait Allah.

²Di hiji lawang anu ngaranna Panto Alus, aya hiji lalaki anu lumpuh ti barang lahir; unggal poe sok digotong ka eta lawang sina menta sidekah ka nu rek arasup ka Bait Allah.

³Petrus jeung Yohanes oge basa rek lalebet dipentaan sidekah.

⁴Aranjeunna neuteup, geus kitu Petrus sasauran, "Teuteup ieu kaula duaan!"

⁵Eta jelema tuluy neuteup bari ngarep-
ngarep sidekah.

⁶Saur Petrus, "Duit mah kaula teu boga.
Tapi kaboga kaula ayeuna rek dibikeun. Demi
pajenengan Yesus Kristus urang Nasaret,
andika geura nangtung, tuluy leumpang!"

⁷Tuluy ku anjeunna dicekel leungeunna nu
katuhu sina nangtung. Harita keneh suku
jeung mumuncanganana ngadak-ngadak
kuat,

⁸jung nangtung semu luncat, tuluy
leuleumpangan bulak-balik, ti dinya
nuturkeun Petrus jeung Yohanes ka jero Bait
Allah, ajrug-ajrugen jeung muji ka Allah.

⁹Jelema-jelema kabeh narenjo manehna
leuleumpangan bari muji ka Allah.

¹⁰Sanggeus maranehna warawuheun yen
eta jelema teh anu lumpuh nu sok musapir
di Panto Alus di Bait Allah tea, maranehna
kacida hareraneunana narenjo kaajaiban
anu tumiba ka si lumpuh tea nepi ka bisa
leumpang.

¹¹Petrus jeung Yohanes terus dikikintil bae
ku eta jelema. Barang tiluanana nepi ka hiji
tepas anu disebut Tepas Suleman, terus pada
ngarubung ku jelema-jelema anu hareraneun.

¹²Petrus ngalahir ka maranehna, "Dulur-
dulur, urang Israil! Ku naon hareran ku
ieu hal? Ku naon malencrong bae? Dikira
cageurna ieu jelema teh ku pangawasa atawa
ku kaibadahan kaula?

¹³Allahna Ibrahim, Ishak, jeung Yakub, Allahna karuhun urang, geus maparin kamulyaan ka Abdi-Na, nya eta ka Yesus Kristus. Ari ku aranjeun Yesus teh diserenkeun ka para gegeden, seug ditampik di payuneun Pilatus, padahal ku Pilatus mah rek dibebaskeun.

¹⁴Anjeunna teh suci, mulya manah, ku aranjeun ditolak; aranjeun anggur marenta ka Pilatus yen anu kudu dibebaskeun teh penjahat tukang maehan.

¹⁵Yesus anu nuyun manusia supaya manusia hirup, ku aranjeun dipaehan. Tapi ku Allah geus ditanghikeun ti nu maraot, kaula sarerea saksina.

¹⁶Ieu jelema anu asalna lumpuh, pang ayeuna jadi jagjag teh nya ku kakawasaan jenengan Yesus. Katenjo ku aranjeun ieu jelema ayeuna geus cageur. Ieu teh ku sabab percaya ka Yesus, percaya kana jenengana-Na.

¹⁷Dulur-dulur! Kaula terang, pang aranjeun jeung para pamingpin karitu kalakuan ka Yesus teh bawaning ku kabodoan.

¹⁸Tapi eta kabodoan aranjeun teh jadi jalan laksanana dawuhan Allah, anu baheula didawuhkeun ka nabi-nabi, yen Kristus utusan Mantenna teh bakal dikaniaya.

¹⁹Ku sabab kitu ayeuna aranjeun teh kudu tarobat, kudu marulang deui ka Allah sangkan

ku Mantenna dihampura. Upama aranjeun tarobat,

²⁰ rohani aranjeun ku Pangeran bakal disegerkeun. Mantenna bakal ngutus Yesus ka aranjeun, sabab Yesus teh memang geus diajangkeun jadi Raja Salam pikeun nyalametkeun aranjeun.

²¹ Yesus kudu tetep di sawarga nepi ka sagala perkara ku Allah dianyarkeun, sakumaha anu ku Allah geus diandikakeun ka nabi-nabi suci.

²² Musa baheula ngalahir kieu, Pangeran Allah maraneh bakal ngutus hiji nabi asal ti maraneh keneh, sakumaha Mantenna ge geus ngutus ka kami. Sagala kasaurana-Na ku maraneh kudu diturut.

²³ Sing saha anu teu nurut ka eta nabi bakal dibasmi, disingkirkeun ti kalangan umat Allah.

²⁴ Kitu deui nabi-nabi anu ngemban pangandika Allah, mimiti ti Nabi Samuel nepi ka nabi-nabi sapandeurieun anjeunna, kabeh geus ngembarkeun ti heula sakur anu geus kajadian dina jaman ayeuna.

²⁵ Jangji-jangji Allah anu diucapkeun ku nabi-nabi teh pikeun aranjeun. Perjangjian Allah anu diayakeun jeung karuhun-karuhun aranjeun teh pikeun aranjeun ongkoh. Kieu eusina perjangjian Allah ka Ibrahim, Ku jalan turunan maneh, Kami bakal ngaberkahan sakumna manusa di bumi.

²⁶Eta sababna, Allah ngutus Abdi-Na teh ka aranjeun heula, pikeun nobatkeun aranjeun sangkan ninggalkeun kalakuan anu jahat, supaya bisa meunangkeun berkah Mantenna."

4 ¹Sabot Petrus jeung Yohanes sasauran ka jalma rea, ngadak-ngadak didatangan ku imam-imam kapala dibarengan ku kapala pangawal Bait Allah jeung urang Saduki.

²Maranehna arambekeun dumeh saur Petrus jeung Yohanes ka jalma-jalma, Yesus geus gugah tina pupusna, anu hartina nu maraot teh bakal harirup deui.

³Eta dua rasul ditangkep. Ku lantaran harita geus peuting, aranjeunna ditahan heula di jero panjara, ngadago isuk.

⁴Tapi loba jelema anu palercaya kana kasauran aranjeunna. Anu palercaya ka Yesus jumlahna geus aya kira-kira lima rebu urang.

⁵Poe isukna para pamingpin Yahudi, para kokolot, jeung guru-guru agama karumpul di Yerusalem,

⁶diluuhan ku Imam Agung Anas jeung Kayapas, Yohanes, Aleksander, jeung salian ti eta anu kaasup ka kulawarga Imam Agung.

⁷Petrus jeung Yohanes dijagragkeun tuluy dipariksa, "Kumaha carana maraneh nyageurkeun ieu jelema teh? Make kawasa naon, atawa nyambat ngaran saha?"

⁸Petrus ngawaler, kadorong ku Roh Suci, "Para pamingpin bangsa sareng para sesepuh sadaya!"

⁹Upami anu dipariksakeun teh perkawis nulungan jalmi lumpuh sareng perkawis nyageurkeunana,

¹⁰mugi kauninga ku Juragan-juragan sareng ku sakumna urang Israil, yen ieu jalmi anu nangtung di payuneun, jadina sehat waluya teh ku kakawasaan Yesus Kristus urang Nasaret, anu ku Juragan-juragan parantos disalib, nanging parantos digugahkeun ku Allah tina pupusna.

¹¹Dipi Yesus teh nya eta anu ku Kitab Suci disebat kieu, Batu anu dipiceun ku aranjeun tukang-tukang wawangunan, nyatana mah jadi batu anu pangpentingna.

¹²Anjeunna, sareng mung Anjeunna bae anu tiasa nyalametkeun manusa teh. Di saalam dunya teu aya deui manusa anu ku Allah dipaparin kawasa nyalametkeun, mung Yesus Kristus."

¹³Kasonagaran Petrus jeung Yohanes matak ngarenjag Mahkamah; sakaterang maranehna, Petrus jeung Yohanes teh jalma-jalma basajan bae, lain anu palinter. Kakara ku Mahkamah kapikir yen Petrus jeung Yohanes teh anu sok babarengan jeung Yesus.

¹⁴Tapi Mahkamah teu bisa majar kumaha sabab aya bukti, jelema anu dicageurkeunana jonghok.

¹⁵Dua rasul teh ku Mahkamah dikaluarkeun heula ti jero sidang, tuluy perkarana dibarempugkeun.

¹⁶Salaurna, "Kudu dikumahakeun eta dua jelema teh? Teu bisa dipungkir mujijatna sakitu tetelana ka sakumna urang Yerusalem.

¹⁷Ayeuna, supaya hal eta ulah terus nerekab, eta dua jelema urang ancam teu meunang nyarita nyebut-nyebut deui ngaran Yesus."

¹⁸Petrus jeung Yohanes disaur deui, tuluy diancam teu meunang cacarios atawa ngawulang nyebut jenengan Yesus.

¹⁹Petrus jeung Yohanes ngawaler, "Para Juragan kantun nimbang-nimbang, mana anu sapagodos sareng pangersa Allah, kedah tunduk ka Juragan-juragan atanapi kedah tumut kana timbalan Allah.

²⁰Sim kuring moal tiasa upami dugi ka henteu nyanggemkeun perkawis eta, anu parantos katingal sareng kakuping pribadi."

²¹Mahkamah beuki ngancam; tapi ngan semet kitu, teu bisaeun ngahukum, lantaran jalma-jalma anu narenjo eta mujijat kabeh maruji ka Allah. Tungtungna Petrus jeung Yohanes dibebaskeun.

²²Jelema anu kakara cageur ku jalan ajaib tea umurna geus opat puluh taun leuwih.

²³Sanggeus bebas, Petrus jeung Yohanes terus mendakan pakumpulanana. Sagala

kasauran imam-imam kapala jeung para kokolot teh dicarioskeun.

²⁴ Geus kitu pakumpulan teh samiuk neneda ka Allah, kieu panedana, "Nun Pangeran, Gusti nu ngadamel langit, bumi, laut sareng saniskanten eusina!

²⁵ Gusti kapungkur ngandika ku Roh Suci ka Daud kawula Gusti karuhun abdi sadaya. Ku anjeunna disaurkeun kieu, Eta jelema-jelema anu henteu nyarembah ka Allah, ku naon amarah? Eta bangsa-bangsa, ku naon ngareka perkara anu mubadir?

²⁶ Raja-raja di bumi tatan-tatan, pamingpin-pamingpin sakait, rek ngalawan ka Pangeran jeung ka Kristus-Na.

²⁷ Margi saleresna Herodes, Pontius Pilatus, sareng jalmi-jalmi anu henteu nyarembah ka Allah kitu deui urang Israil, di ieu kota parantos karumpul bade ngalawan ka Yesus, Abdi Suci Gusti, anu ku Gusti dijenengkeun Jurusalamet.

²⁸ Maranehna parantos rempug bade ngahalang-halang perkawis anu ku Gusti parantos ditangtos baris kajadian.

²⁹ Nun Pangeran, tingali kumaha ngancamna maranehna ka abdi sadaya. Mugi abdi-abdi sadaya para kawula Gusti dikersakeun taya kasieun nyanggemkeun pangandika Gusti.

³⁰ Mugi ku pitulung Gusti abdi-abdi tiasa nyageurkeun anu aludur, sareng ku kawasana jenengan Yesus Kristus Abdi Suci Gusti,

tiasa ngayakeun hal-hal anu ajaib sareng mujijat-mujijat anu luar biasa."

³¹ Tamat pakumpulan nenedana, tempat anu keur dipake kumpul teh inggeung. Aranjeunna dieusian Roh Suci, jadi kacida laludeungna nguarkeun pangandika Allah.

³² Pakumpulan anu palercaya teh estu saniat sapikir, sabanda saboga. Harta bandana sorangan ge teu diaku bogana pribadi, sagala pangabogana dipake keur kapentingan babarengan.

³³ Ari rasul-rasul mertelakeun hal gugahna Gusti Yesus tina pupus teh gede pisan pangaruhna sarta kacida diberkahana ku Allah.

³⁴ Di eta pakumpulan teh taya pisan saurang oge anu hirupna kakurangan. Nu baroga lahan atawa imah dijarual,

³⁵ beubeunanganana diserenkeun ka rasul-rasul, duitna dibagi-bagi, gedena panta-panta nurutkeun pangabutuh masing-masing.

³⁶ (4: 36-37) Yusup oge anu turunan Lewi asal Siprus, anu ku rasul-rasul dilandi Barnabas (hartina "Panglipur"), ngajual lahan milikna, duitna diserenkeun ka rasul-rasul.

³⁷ (4: 36)

5¹ Aya hiji jelema ngaran Ananias jeung bojona ngaran Sapirah, ngajual tanahna saluwuk.

² Tapi beubeunanganana henteu diserenkeun kabeh ka rasul-rasul, ditahan sawareh

disalingkuhkeun keur dirina sorangan, sailon jeung bojona.

³Pilahir Petrus ka Ananias, "Ananias, ku naon kawujuk ku Iblis nepi ka wani ngabohong ka Roh Suci? Ku naon duit beubeunangan ngajual tanah teh disalingkuhkeun sawareh?

⁴Memeh dijual eta rajakaya teh boga maneh, sanggeus dijual, duitna hak maneh keneh. Jadi ku naon nepi ka boga pikiran milampah saperti kitu? Maneh ngabohong teh lain ka manusa, enyana mah ka Allah!"

⁵Barang ngadenge lahiran kitu, bluk Ananias tibeubeut, paeh pisan. Eta kajadian estu matak gimir sakur nu ngadenge.

⁶Jol barudak ngora, mayit Ananias diboohan tuluy digotong ka luar dikuburkeun.

⁷Heuleut tilu jam datang bojona, teu nyahoeun ka nu anyar kajadian.

⁸Ku Petrus dipariksa, "Duit bebeunangan maneh jeung salaki ngajual tanah teh bener sakieu kabehna?" "Leres, sakitu sadayana," jawabna.

⁹Pilahir Petrus, "Ku naon maneh jeung salaki nepi ka wani ngadoja ka Roh Allah? Tuh di lawang, anu tas nguburkeun salaki maneh kakara daratang rek ngagotong mayit maneh!"

¹⁰Bluk Sapirah tibeubeut harita keneh, terus paeh. Barudak ngora tea arasup, nyampak Sapirah geus jadi mayit, tuluy digarotong ka luar, dikuburkeun gigireun kuburan salakina.

¹¹ Ngadarenge aya kajadian kitu, jamaah jeung salian ti eta jadi kacida sarieuneunana.

¹² Kaajaiban jeung kaahengan anu diayakeun ku rasul-rasul teh loba-loba deui. Kumpulan anu palercaya sering karumpul di Tepas Suleman.

¹³ Jalma-jalma sejen kacida marujina, ngan taya anu wanieun campur.

¹⁴ Tapi anu palercaya ka Gusti saban poe nambahana bae awewe lalaki.

¹⁵ Rasul-rasul pada mupusti, nepi ka loba anu marawa anu garering ka sisi jalan, dikedeng-kedengkeun dina bale-bale atawa dina samak, maksudna asal bisa kakalangkangan bae ku Petrus ari anjeunna ngalangkung.

¹⁶ Loba jelema ti kota-kota sakurilingeun Yerusalem anu daratang marawa anu garering atawa anu kagangu ku roh jahat, kabeh dicalageurkeun.

¹⁷ Tungtungna Imam Agung jeung ihwan-ihwanna nya eta jalma-jalma golongan Saduki timbul dengkina, arek ngaganggu.

¹⁸ Rasul-rasul ditangkep, diasupkeun ka panjara umum.

¹⁹ Tapi peutingna panto-panto panjara teh dibuka ku malaikat Pangeran, rasul-rasul dituyun ka luar jeung dilahiran kieu,

²⁰ "Terus bae ka Bait Allah, embarkeun ka jalma rea pangandika hal hirup anyar."

²¹ Rasul-rasul tumut, subuh-subuh lebet ka Bait Allah tuluy ngawulang. Imam Agung jeung ihwan-ihwanna nyaur para kokolot Yahudi ngayakeun sidang, tuluy nimbalan ngala rasul-rasul ti panjara sangkan dibawa ka hareupeun Mahkamah.

²² Tapi barang piwarangan nepi ka panjara, rasul-rasul teh geus teu araya, tuluy diunjukkeun ka Mahkamah,

²³ "Pangberokan teh kasampak ku abdi-abdi ngonci pageuh keneh, nu jaraga narangtung payuneun panto, nanging barang pantona dibuka di lebet parantos teu aya saha-saha!"

²⁴ Imam-imam kapala jeung kapala pangawal Bait Allah kacida karageteunana, teu ngalartieun ku rasul-rasul pang kajadian kitu.

²⁵ Tuluy aya anu unjukan, "Jalmi-jalmi anu diberok teh parantos aya di Bait Allah nuju ngawulang!"

²⁶ Kapala pangawal indit jeung bawahana ngala rasul-rasul. Tapi teu wanieun keras-keras sieuneun dibaledogan ku batu ku jalma-jalma.

²⁷ Rasul-rasul dideuheuskeun ka Mahkamah. Ku Imam Agung dipariksa.

²⁸ Saurna, "Maraneh geus dilarang keras teu meunang ngajar mawa ngaran eta jelema! Tapi kumaha? Angger bae ngaliarkeun pangajaran kitu di sakuliah Yerusalem, rek

neumbleuhkeun ka pihak kami perkara paehna eta jelema!"

²⁹ Waler Petrus sarencang-rencang, "Sim kuring sadaya ngaraos wajib tunduk ka Allah ti batan ka manusa.

³⁰ Allahna karuhun urang parantos ngahirupkeun deui Yesus anu ditelasan ku Juragan-juragan, dipaku dina kayu salib.

³¹ Anjeunna ku Allah parantos dijungjung, dijenengkeun Pamingpin sareng Jurusalamet, baris mingpin urang Israil kana pertobat supados kenging panghampura dosa.

³² Eta sagala perkawis teh sim kuring sadaya saksina, sareng Roh Suci anu ku Allah dikurniakeun ka unggal jalmi anu anut ka Yesus."

³³ Sakumna anggota Mahkamah kacida geregeteunana, meh bae rasul-rasul teh diparaahan.

³⁴ Tapi aya hiji urang Parisi guru agama, anu kacida dihormat-hormatna ku sakumna rahayat, jenenganana Gamaliel. Anjeunna ngadeg, mundut ka sidang supaya rasul-rasul dikaluarkeun heula.

³⁵ Geus kitu anjeunna nyarios, "Para saderek, urang Israil! Sing sabar mutus perkara eta jalmi-jalmi teh.

³⁶ Tangtos para saderek aremut keneh ka Teodas, anu ngaku-ngaku jadi jelema luar biasa dugi ka gaduh panganut kinten-kinten opat ratus urang, nanging

tungtungna dipaehan, para panganutna bubar, gerakanana kubra.

³⁷ Saparantos eta, waktos di urang aya cacah jiwa, jol deui Yudas urang Galilea, anu tiasa ngicuk-ngicuk rahayat seueur pisan; nanging eta oge tungtungna dipaehan, para panganutna bubar.

³⁸ Nyonto kana eta kajadian, sim kuring seja ngahaturanan nasehat, sawios eta jalmi-jalmi teh ulah dikieu-kieu. Upami paniatan atanapi gerakanana teh timbulna tina cita-cita manusa tangtos gagal.

³⁹ Sawangsulna upami leres kalayan kersaning Allah, mustahil tiasa dibasmi, malah ahirna urang sorangan anu ngalawan ka Allah!" Nasehat Gamaliel ku Mahkamah katarima.

⁴⁰ Rasul-rasul disalaure deui, sarta sanggeus dirangket jeung diancam teu meunang nyebut-nyebut deui jenengan Yesus, tuluy dibebaskeun.

⁴¹ Rasul-rasul kalaluar ti Mahkamah, kalayan senang manah dumeh ngaraos geus dilayakkeun ku Allah kenging panghina ku karana jenengan Yesus.

⁴² Aranjeunna saban-saban poe teu eureun-eureun ngawuruk, boh di Bait Allah boh di imah somah-somah, ngawawarkeun Injil Kasalametan hal Yesus Jurusalamet.

6¹ Anu aranut ka Yesus beuki loba bae. Hiji mangsa urang Yahudi anu ngaromongna

basa Yunani, kukulutus ka urang Yahudi pribumi, lantaran ngarasa randa-randana disapirapeun dina urusan pangbagian rejeki sapopoe.

²Ku sabab kitu pakumpulan teh ku dua welas rasul dipiwarang kumpul. Saur rasul-rasul, "Teu hade lamun urang nepi ka henteu ngawurukkeun pangandika Allah lantaran nguruskeun bae sual duit.

³Ku sabab kitu, dulur-dulur, coba neangan jelema tujuhan ti urang keneh anu geus kanyahoan dieusian Roh Suci jeung berbudi, urang angkat pikeun ngatur urusan kitu,

⁴supaya urang bisa jongjon neneda jeung ngawurukkeun pangandika Allah."

⁵Eta nasehat kacida pada ngarempuganana. Seug pakumpulan teh milih tujuh jelema, nya eta Stepanus, jelema pengkuh iman jeung dieusi Roh Suci, Pilipus, Prokorus, Nikanor, Timon, Parmenas, jeung Nikolaus urang Antioki anu asup agama Yahudi.

⁶Tuluy dideuheuskeun ka rasul-rasul, ku rasul-rasul dipangnedakeun ka Allah, mugi-mugi pagaweanana diberkahan.

⁷Pangandika Allah beuki sumebar, anggota pakumpulan beuki nambahan, malah lobu imam anu jadi palercaya ka Yesus.

⁸Stepanus kacida diberkahanana ku Allah jeung dipaparin pangabisa nembongkeun perkara-perkara anu ajaib jeung aheng ka jalma-jalma.

⁹Tapi anjeunna dilawan ku sawatara anggota golongan anu disebut "Imah Ibadah Jalma-jalma Bebas", nya eta urang Yahudi ti Kirena jeung Aleksandria. Bareng jeung urang Yahudi ti Kilikia jeung Asia maranehna ngajak padu ka Stepanus.

¹⁰Tapi ku panuyunna Roh Suci, Stepanus kacida percekana, sagala kasauranana ku maranehna teu bisa dibantah.

¹¹Ku sabab kitu maranehna terus ngupah sawatara jelema sina ngaromong kieu, "Eta jelema omonganana ngahina ka Musa jeung ka Allah!"

¹²Jadi maranehna teh ngangsonan ka jalma rea, ka para kokolot, jeung ka guru-guru agama, nepi ka Stepanus ditangkep dibawa ka Mahkamah.

¹³Maranehna nyanghareupkeun oge sawatara jalma, sina mere keterangan palsu ngeunaan Stepanus. "Ieu jalmi," ceuk eta saksi-saksi palsu ka Mahkamah, "mung ngagogoreng bae Bait Allah anu suci sareng Hukum Musa.

¹⁴Kantos nyebatkeun yen Yesus urang Nasaret bakal ngaruntuhkeun Bait Allah sareng rek ngarobah adat istiadat urang anu turun-tumurun ti Musa!"

¹⁵Nu araya di Mahkamah kabeh mencrong ka Stepanus, katarenjoeun raray Stepanus mani kawas raray malaikat.

7 ¹Imam Agung mariksa ka Stepanus,
"Bener eta kitu?"

²Waler Stepanus, "Para saderek, Bapa-bapa!
Darangukeun! Waktos Ibrahim karuhun urang
di Mesopotami keneh memeh ngalih ka Haran,
anjeunna diebrehan ku Allah anu mulya.

³sareng ditimbalan kieu, Tinggalkeun baraya
jeung lemah cai maneh, jugjug hiji nagri anu
bakal dituduhkeun ku Kami.

⁴Seug anjeunna ngantunkeun nagrina,
ngalih ka Haran. Saparantos ramana pupus,
Ibrahim ku Allah ditimbalan ngalih ka dieu, ka
ieu tanah tempat Juragan-juragan ayeuna.

⁵Nanging anjeunna ku Allah henteu
dipasihan tanah sacangkewok-cangkewok
acan, mung dipaparin jangji yen ieu tanah
tan wande jadi milik anjeunna sareng
turunanana. Waktos Allah ngajangji kitu,
Ibrahim teu acan kagungan putra.

⁶Kieu dawuhan Allah ka anjeunna,
Turunan maneh bakal jadi jalma-jalma
asing di nagri batur, dijieun badega jeung
diteungteuinganan opat ratus taun lilana.

⁷Tapi bangsa anu nganiayana tangtu baris
dihukum ku Kami, sarta turunan maneh bakal
budal ti eta nagri sarta bakal ngabarakti ka
Kami di ieu tanah.

⁸Ieu jangji ku Allah disahkeun ku upacara
sunat anu dikeunakeun ka Ibrahim. Anu
mawi Ibrahim teh nyepitan Ishak putrana
dina yuswa saminggu. Ishak nyepitan Yakub

putrana, Yakub nyepitan putra-putrana anu dua welas, karuhun urang anu kamashur.

⁹ Putra Yakub anu jenenganana Yusup dipikasirik ku raka-rakana, dijual ka urang Mesir sina jadi badega. Nanging Yusup diaping ku Allah,

¹⁰ ahirna kaluar tina kabalangsakan. Saparantos dideuheuskeun ka raja Mesir, tetela anjeunna teh pikaasiheun turug-turug pinter bijaksana. Ku eta raja dijenengkeun gupernur nyangking sakuliah nagri Mesir sareng dikawasakeun nyepeng sagala urusan karaton.

¹¹ Hiji mangsa sakuliah Mesir sareng tanah Kanaan balangsak, katarajang bahla kalaparan. Karuhun urang parantos teu mendak tedaean.

¹² Yakub ngadangu wartos yen di Mesir aya gandum, lajeng miwarang putra-putrana nguyang. Karuhun-karuhun urang iang ka Mesir, nembean pisan.

¹³ Waktos raka-rakana ka Mesir deui kadua kalina, Yusup nerangkeun anjeun, sarta raja Mesir jadi uningaeun kana kaayaan saderek-saderek sareng ramana Yusup.

¹⁴ Yusup titip saur ngangkir Yakub ramana sakulawargi anu jumlahna tujuh puluh lima jalmi sina ngalih ka Mesir.

¹⁵ Yakub sareng saderek-saderek Yusup teras ngalumbara di Mesir dugi ka parupusna.

¹⁶Layon aranjeunna dibantun ka Sekem, dikurebkeun di hiji makam kenging ngagaleuh Ibrahim ti urang Emor.

¹⁷Beuki caket kana laksanana jangji Allah ka Ibrahim tea, bangsa urang di Mesir wuwuh seueur,

¹⁸dugi ka jumeneng hiji raja Mesir anu henteu uningaeun ka Yusup.

¹⁹Karuhun urang ku eta raja didamel kaulinan sareng diteungteuinganan; orok-orok bangsa urang dipiwarang dipiceunan sina maraot.

²⁰Dina mangsa keur kitu Musa medal, bayi kasep, teras dirorok di bumi kenging tilu sasih.

²¹Ahirna kapaksa ku ibu ramana dikaluarkeun ti bumi. Kapendak ku putri raja teras diangken putra, diurus sapertos ka putra ku anjeun,

²²diwulang sagala rupi elmu kapinteran urang Mesir, jadi jalmi anu pikaserabeun sareng perceka.

²³Saparantos Musa yuswa opat puluh taun, timbul kahoyongna seja maluruh kaayaan bangsana.

²⁴Dina hiji dinten anjeunna ningali aya bangsana anu keur dipahala ku hiji urang Mesir, teras dibelaan, urang Mesirna dipaehan.

²⁵(Dina panggalihna tangtos bangsana ngartos yen anjeunna dikersakeun ku

Allah kangge ngajait maranehna, nanging maranehna henteu ngalartoseun.)

²⁶Dinten enjingna anjeunna ningali urang Israil duaan keur garelut teras disapih, lajeng saurna, Dulur-dulur, ku naon nepi ka garelut jeung sasama urang Israil?

²⁷Nanging anjeunna disuntrungkeun ku nu saurang, anu neunggeul ka batura. Sanggem eta jalmi, Dijenengkeun ku saha maneh ngatur jeung jadi hakim kami teh?

²⁸Rek maehan deuih ka kami, cara kamari maneh maehan urang Mesir?

²⁹Barang ngadangu kitu Musa enggal ngejati Mesir, lajeng matuh di Midian dugi ka kagungan putra dua.

³⁰Heuleut opat puluh taun ti harita, Musa ningali aya malaikat nembongan, katembongna sapertos seuneu hurung dina hiji rungkun cucuk di gurun keusik caket Gunung Sinai.

³¹Bari heran sakalangkung Musa nyaketan hoyongeun langkung sidik. Nanging aya gentra Pangeran, dawuhanana,

³²Kami teh Allahna karuhun maneh, Allahna Ibrahim, Ishak, jeung Yakub. Musa dugi ka ngadegdeg sareng teu wantuneun ningali.

³³Allah ngadawuh deui, Laan tarumpah, sabab taneuh anu ditincak ku maneh teh suci.

³⁴Kami uninga kumaha balangsakna umat Kami dikaniaya di Mesir, kadangu tingaraduh. Anu matak Kami teh lungsur arek

ngabebaskeun. Ka dieu, maneh ku Kami rek diutus ka Mesir.

35 Musa teh anu parantos ditolak ku urang Israil, anu sanggem urang Israil, Dijenengkeun ku saha maneh ngatur jeung ngahakiman ka kami teh? Nanging Musa keneh anu ku Allah diutus sangkan mingpin sareng ngabebaskeun maranehna, dibantu ku malaikat anu nembongan dina rungkun cucuk anu hurung.

36 Anjeunna mingpin urang Israil budal ti Mesir, ngayakeun mujijat-mujijat sareng hal-hal anu luar biasa di Mesir, di Laut Beureum, sareng di gurun keusik salami opat puluh taun.

37 Musa keneh anu ngalahir kieu ka urang Israil, Allah ka maraneh bakal ngutus hiji nabi asal ti maraneh keneh, saperti cara ngutus Kami ka maraneh.

38 Musa keneh anu nyarengan urang Israil di gurun keusik, anu nyarengan karuhun urang sareng anu nepi-nepikeun pangandika malaikat anu ngandika ka anjeunna di Gunung Sinai, sareng anu ngadongkapkeun sabda hirup ka urang.

39 Nanging karuhun urang teu narurut ka anjeunna, anjeunna ditoker, urang Israil anggur marenta warangsul deui ka Mesir.

40 Ceuk urang Israil ka Harun, Kuring pangdamelkeun dewa-dewa anu baris mingpin, margi jalma anu ngaran Musa, anu

ngaluarkeun kuring ti Mesir duka katarajang naon teu dongkap-dongkap.

⁴¹ Teras maranehna nyarieun arca sesembahan, hiji sasapihan, disasajenan, dipestakeun, mestakeun barang jijieunananan sorangan.

⁴² Ku margi kitu maranehna ku Allah ditilarkeun, sina nyarembah ka bentang-bentang di langit, sakumaha anu diserat dina kitab nabi-nabi, kieu, Urang Israil! Salila opat puluh taun di gurun keusik, maraneh meuncit sato-sato kurban teh lain pikeun Kami.

⁴³ Anu sok dibabawa ku maraneh kemah brahala Molek, jeung arca si Repan, dewa bentang pupujaan maraneh; maraneh nyarembah teh ka arca-arca jieunan maraneh keneh. Ku sabab kitu maraneh ku Kami rek dibuang ka beh ditueun nagara Babul.

⁴⁴ Di gurun keusik karuhun urang gaduh Kemah Tepangan Pangeran, anu dipidamelna numutkeun conto tina pituduh Allah ka Musa.

⁴⁵ Waktos karuhun urang sareng Yosua majeng ngarebut tanah ti bangsa-bangsa anu diusir ku Allah, eta Kemah ngiring dibantun, aya saterasna di eta tanah dugi ka jaman Daud.

⁴⁶ Daud anu kamanah ku Allah mundut idin ngadamel gedong kangge panglinggihan Allahna Yakub.

⁴⁷ Nanging anu kawidian ngadegkeun mah Suleman.

⁴⁸ Nanging Allah Anu Maha Agung tangtos moal linggih di tempat kenging manusa, sakumaha saur nabi,

⁴⁹ Dawuhan Pangeran: Langit tahta Kami, bumi jojodog sampean Kami. Kami rek dipangnyieunkeun imah nu kumaha? Mana tempat cicinganeun Kami?

⁵⁰ Ari sagala perkara karah lain Kami anu ngajadikeunana?

⁵¹ Aranjeun teh tukang ngalawan, hese beleke kana percaya ka Allah, notorekkeun maneh kana pangandika-Na sapertos karuhun aranjeun, tukang ngalawan Roh Suci.

⁵² Naha aya nabi anu nepi ka henteu dikaniaya ku karuhun aranjeun? Baheula karuhun aranjeun maehan sakur utusan Allah anu ngembarkeun pisumpingeunana Abdining Allah nu estu. Kiwari, aranjeun ngahianat sareng maehan ka eta Abdining Allah.

⁵³ Aranjeun, anu nampa timbalan-timbalan Allah ti malaikat-malaikat, teu narurut kana timbalana-Na!"

⁵⁴ Para anggota Mahkamah ngarentab hatena ka Stepanus, kacida arambankeunana nepi ka tikekereket.

⁵⁵ Tapi Stepanus anu pinuh ku Roh Suci tanggah ka langit, breh ningali kamulyaan Allah jeung Yesus anu ngadeg di tengeneuna-Na.

⁵⁶"Tenjo itu," saur Stepanus, "kuring ningal langit muka, ningal Putra Manusa keur ngadeg di tengeneun Allah!"

⁵⁷Para anggota Mahkamah mani tinggorowok jeung nyarocokan ceuli, breg kabeh narajang ka Stepanus maot.

⁵⁸Stepanus disered ka luareun kota tuluy dibaledogan ku batu. Maranehna nepi ka maruka jubah, dipihapekeun ka hiji budak ngora ngaran Saulus.

⁵⁹Stepanus anu teu eureun-eureun pada maledogan sasambat, "Nun Gusti Yesus, tampi ieu nyawa abdi!"

⁶⁰Brek tapak deku, sasambat ngajerit, "Gusti! Mugi ieu jalmi-jalmi ulah dibales!" Geus kitu Stepanus maot.

8¹Saulus kacida panujueunana kana eta rajapati teh. Poe eta keneh gareja di Yerusalem mimiti dikaniaya bengis pisan. Anu palercaya ka Yesus jadi paburencay ka sakuliah Yudea jeung Samaria, ngan rasul-rasul anu kumpul keneh teh.

²Layon Stepanus dikurebkeun ku jalma-jalma anu sarieun ku Allah sarta kacida dicaleungceurikanana.

³Ari Saulus jadi terus ihtar pikeun numpes gareja, ngadatangan imah-imah sarta nyeredan jalma-jalma awewe lalaki ti jero imah, tuluy diasup-asupkeun ka jero panjara.

⁴Tapi para panganut Yesus anu geus paburencay teh di mana-mana nguarkeun Injil Kasalametan.

⁵Ari Pilipus nguarkeunana hal Jurusalamet teh di hiji kota penting di Samaria.

⁶Urang dinya saregep pisan kana wawaran Pilipus, komo barang narenjo mujijat-mujijatna mah.

⁷Roh-roh jahat kalaluar tingjarerit ti jelema-jelema anu diasupanana, nu lalumpuh, nu dareog, diclageurkeun,

⁸estu matak bungah urang dinya.

⁹Di eta kota aya hiji jelema ngaranna Simon, nyebut maneh jelema pinunjul, geus lila pada mikaserab lantaran bisaeun elmu sihir.

¹⁰Jelema-jelema ti saban lapisan kacida mupunjungna, nyarebutna ge, "Anjeunna teh kakuatan Allah anu kawentarkeun Kakawasaan Pinunjul."

¹¹Geus lila urang dinya kapangaruhan ku elmu sihirna.

¹²Tapi sanggeus ku Pilipus diuaran Injil Kasalametan hal Karajaan Allah jeung hal Yesus Kristus mah tuluy palercayaun kana wawaran anjeunna, nepi ka dibaraptis awewe lalaki.

¹³Simon oge percayaun, sarta sanggeusna dibaptis teu daekeun jauh ti Pilipus, ngarasa helok ku mujijat-mujijatna.

¹⁴Rasul-rasul di Yerusalem ngadarangu warta yen urang Samaria geus daraekeun

narima pangandika Allah, tuluy ngutus Petrus jeung Yohanes.

¹⁵Sasumpingna ka Samaria aranjeunna terus mangnedakeun sakur anu geus palercaya supaya dipaparinan Roh Suci,

¹⁶sabab saurang ge can aya anu nampa Roh Suci, kakara dibaraptis kalawan pajenengan Yesus.

¹⁷Sanggeus ku Petrus jeung Yohanes ditarumpangan panangan, seug bae narampa Roh Suci.

¹⁸Nenjo jelema-jelema anu palercaya narampa Roh Suci ku ditumpangan leungeun, Simon ngahaturanan duit ka Petrus jeung Yohanes,

¹⁹bari piunjukna, "Abdi oge hoyong gaduh kawasa kitu, supados anu ditumpangan leungeun ku abdi tiasa nampi Roh Suci."

²⁰Tapi waler Petrus, "Lanat eta duit teh, kitu deui anjeun, boga sangka kurnia ti Allah bisa dibeuli ku duit!

²¹Anjeun teu meunang milu barang gawe jeung kaula, sabab hate anjeun serong ti Allah.

²²Buru-buru tobat, piceun eta pikiran goreng teh. Geura sasambat menta hampura ka Pangeran, lantaran geus boga pikiran anu sakitu nistana.

²³Sabab katilikna ku kaula anjeun teh pinuh ku kasirik, jadi budakna dosa."

²⁴ Simon ngalengis ka Petrus jeung Yohanes, "Abdi nyuhunkeun dipangnedakeun ka Pangeran, mugi perkawis anu bieu disaurkeun ku anjeun teh ulah kantos tumiba."

²⁵ Sanggeus maparin panyaksi hal Yesus Kristus jeung ngawulangkeun pangandika Gusti, Petrus jeung Yohanes marulih deui ka Yerusalem, bari nguarkeun Injil Kasalametan ti Allah di kampung-kampung Samaria anu kaliwatan.

²⁶ Aya hiji malaikat anu ngalahir ka Pilipus, "Buru-buru geura leumpang ka beulah kidul, teang jalan anu ti Yerusalem ka Gasa." (Eta jalan geus tara dipake.)

²⁷ (8: 27-28) Pilipus geuwat angkat. Di eta jalan aya hiji pajabat luhur urang Etiopia, anu ngurus harta kakayaan Sri Kandasi ratu nagri Etiopia, tas ti Yerusalem ngalakonan ibadah. Eta pajabat tunggang kareta seja mulih ka nagarana, sajajalan ngaos Kitab Nabi Yesaya.

²⁸ (8: 27)

²⁹ Saur Roh Suci ka Pilipus, "Sampeurkeun itu kareta, deukeutan terus!"

³⁰ Pilipus lumpat ngudag kareta; sanggeus deukeut kadangueun eta pajabat keur ngaos kitab Nabi Yesaya, tuluy ditaros, "Kahartos aosanana, Juragan?"

³¹ "Bade kahartos kumaha, teu aya anu nerangkeunana," walerna bari ngahaturanan Pilipus naek kana karetana.

³² Anu keur diaosna teh bagian ieu, "Ibarat domba ditungtun arek dipeuncit, ibarat anak domba keur diguntingan buluna, teu disada-sada, Anjeunna sakecap teu kedal saur.

³³ Dihina-hina, teu kenging kaadilan. Nyawa-Na dicabut ti alam dunya, nepi ka teu aya anu bisa nyaritakeun turunana-Na."

³⁴ Saur eta pajabat, "Hoyong terang, saha anu dicarioskeun ku nabi teh, salirana ku anjeun atanapi jalmi sanes?"

³⁵ Pilipus nerangkeun hal Yesus Kristus mimiti tina ayat eta.

³⁶ Karefa majuna geus nepi ka hiji tempat nu aya cai di hiji pupudunan. "Kaleresan aya cai," saur eta pajabat, "kumaha Juragan teu kaabotan upami sim kuring dibaptis?"

³⁷ [Waler Pilipus, "Atuh mangga upami leres-leres percanten mah." "Kantenan percanten pisan, Yesus Kristus teh Putra Allah," saur eta pajabat.]

³⁸ Karefa dipiwarang eureun, eta pajabat jeung Pilipus lalungsur, terus alancrub ka cai, eta pajabat dibaptis.

³⁹ Barang hanjat ti cai, Pilipus gaib tina paningali eta pajabat, dicandak ku Roh Allah. Eta pajabat ngalajengkeun perjalanan dipirig ku manah anu suka.

⁴⁰ Ari Pilipus terang-terang geus aya di Asdod, ti dinya terus ka Kesarea bari

nguarkeun Injil Kasalametan ti Allah di saban kota anu kalangkungan.

9 ¹Saulus ngentab-ngentab keneh napsuna hayang maehan para panganut Gusti Yesus nepi ka tumpur. Tuluy ngadeuheus ka Imam Agung,

²mundut surat kawasa tembongkeuneun ka para pamingpin imah-imah ibadah urang Yahudi di Damsik, supaya diidinan nangkepan sakur jelema anu percaya ka Yesus, anu kapanggih di Damsik, rek terus dibawa ka Yerusalem.

³Barang geus deukeut ka Damsik, Saulus ngadak-ngadak katojo ku hiji cahaya ti langit,

⁴nepi ka tibeubeut kana taneuh, tuluy aya soara anu ngalahir ka anjeunna, "Saulus, Saulus! Ku naon maneh nganiaya ka Kami?"

⁵"Saha Juragan teh?" saur Saulus. Waler anu nyore, "Kami teh Yesus, anu dikaniaya ku maneh."

⁶Ayeuna geura hudang, tuluykeun ka Damsik, engke di ditu maneh bakal dibejaan naon anu kudu dipilampah ku maneh."

⁷Rerencangan saperjalananana areureun, pungak-pinguk, rareuwaseun nepi ka teu barisaeun ngomong-ngomong acan ngadenge soara teu tembong jirimna.

⁸Saul hudang tina taneuh tuluy beunta, tapi teu iasaeun ningali naon-naon. Ku rerencanganana ditungtun ka jero kota Damsik.

⁹ Meunang tilu poe teu ningalina, sajeroning kitu anjeunna teu tuang teu leueut.

¹⁰ Di Damsik aya hiji panganut Yesus, jenenganana Ananias, meunang dawuhan Gusti dina hiji tetenjoan. "Ananias!" dawuhan Gusti. "Nun, Gusti!" wangsunla.

¹¹ Dawuhan Gusti, "Ayeuna maneh kudu indit ka imah Yudas di Jalan Lempeng, tanyakeun jelema anu ngaran Saulus urang Tarsus. Eta jelema ayeuna keur neneda.

¹² Dina tetenjoanana manehna nenjo jelema ngaran Ananias datang numpangkeun leungeun ka dirina supaya bisa deui nenjo."

¹³ Waler Ananias, "Gusti, eta jalmi teh seueur kawartoskeunana yen kalintang jahatna ka umat Gusti di Yerusalem.

¹⁴ Nu mawi ka Damsik oge bade nangkepan umat Gusti, malah ngabantun serat kawasa ti imam-imam kapala."

¹⁵ Dawuhan Gusti, "Teang bae! Sabab manehna ku Kami geus dijadikeun pangbantu anu bakal ngamashurkeun jenengan Kami ka luareun bangsa Yahudi anu teu anut agama Yahudi, ka raja-rajana, jeung ka urang Israil oge.

¹⁶ Kami pribadi rek mere nyaho ka manehna sagala panganiayaan anu bakal karandapan ku dirina tina sabab Kami."

¹⁷ Ananias angkat terus lebet ka panganjrekan Saulus. "Saderek Saulus, Gusti Yesus anu katingali ku Saderek di perjalanan,

ngutus sim kuring ka dieu, supados Saderek iasa deui ningali sareng nampi panuyunna Roh Suci," saur Ananias bari numpongkeun panangan ka Saulus.

¹⁸ Harita keneh aya anu ragrag tina soca Saulus siga sisit lauk, bray anjeunna iasa deui ningali. Saulus ngadeg tuluy dibaptis.

¹⁹ Sanggeus tuang salirana jagjag deui. Di Damsikna Saulus meunang sawatara poe deui, ngahiji jeung anu palercaya ka Yesus,

²⁰ malah lebet ka imah-imah ibadah urang Yahudi di Damsik, mertelakeun yen Yesus teh Putra Allah.

²¹ Urang Yahudi kacida hareraneunana ku anjeunna, aromongna, "Lain anu di Yerusalem maehan para panganut Yesus tea, eta teh? Pang ka dieu oge pan rek nangkepan jelema-jelema anu karitu, rek diserenkeun ka imam-imam kapala."

²² Tapi pangaruh pertelaan ti Saulus beuki gede. Bukti-bukti perkara Yesus anu dipedar ku anjeunna kacida ngayakinkeunana, yen Yesus teh Raja Salam nu nyalametkeun, nepi ka bangsa Yahudi anu di Damsik teu bisaeun ngabantah.

²³ Sanggeus liwat sawatara poe deui, urang Yahudi sakait rek maehan Saulus,

²⁴ tapi anjeunna aya anu ngawartosan. Anu rek maraehanana beurang peuting megal anjeunna di lawang kota.

²⁵Tapi dina hiji peuting anjeunna dikaluarkeun ti jero kota ku para panganutna, diulur dina karanjang ti luhur tembok kota.

²⁶Sanggeus sumping ka Yerusalem, Saulus ihtiar nyaketan para panganut Gusti, tapi maranehna sarieuneun lantaran teu palercayaean.

²⁷Geus kitu anjeunna dibantu dikenalkeun ku Barnabas ka rasul-rasul, diterangkeun hal anjeunna ditembongan jeung didawuhan ku Gusti di jalan ka Damsik, jeung hal kateuneunganana mertelakeun Yesus di Damsik.

²⁸Sanggeus ku rasul-rasul ditampi, Saulus ngider di Yerusalem, ngawulang ku pajenengan Gusti kacida ludeungna.

²⁹Malah sok sasauran jeung sual jawab jeung urang Yahudi anu basana basa Yunani, tapi ku maranehna rek dipaahan.

³⁰Kanyahoan ku para panganut Gusti, anjeunna tuluy dicandak ka Kesarea, ti dinya terus ka Tarsus.

³¹Ti harita kaayaan jamaah di sakuliah Yudea, Galilea, jeung Samaria tuluy aman jeung tengtrem. Kalawan pitulung Roh Suci jamaah beuki kuat, anu palercaya beuki loba, harirupna alajrih ka Gusti.

³²Ari Petrus damelna ka ditu ka dieu ngalayad jamaah-jamaah. Dina hiji poe anjeunna ngalayad umat Gusti di Lida.

³³ Di dinya mendakan hiji jelema lumpuh ngaran Eneas, anu geus dalapan taun tara cengkat-cengkat ti enggon.

³⁴ "Eneas," saur Petrus, "ku pitulung Yesus Kristus anjeun cageur. Geura hudang, enggonna beresan." Harita keneh Eneas bisaeun hudang.

³⁵ Urang Lida jeung urang Saron narenjo Eneas cageur teh tuluy palercaya ka Gusti.

³⁶ Di Yopa aya hiji awewe anu percaya ka Yesus, ngaranna Tabita. (Ngaran Yunanina Dorkas, hartina "Uncal".) Tabeatna resep nyieun kahadean, tutulung ka nu mariskin.

³⁷ Harita Tabita teh gering malah tuluy maot. Sanggeus dimandian, mayitna dipernahkeun di loteng.

³⁸ Ku sabab Yopa teu sabaraha jauhna ti Lida, para panganut Gusti di Yopa ngadarenge beja yen Petrus aya di Lida, tuluy ngajurungan dua jelema ngangkir Petrus, "Mugi Bapa enggal-enggal sumping ka Yopa."

³⁹ Petrus geuwat angkat, bareng jeung nu ngangkir. Sasumpingna terus dicandak ka loteng, ditaluturkeun ku randa-randa. Bari tingsalegruk randa-randa teh narembongkeun rupa-rupa papakean meunang Dorkas nyieunan waktu keur hirup keneh.

⁴⁰ Tapi maranehna ku Petrus dipiwarang kalaluar kabeh, ti dinya anjeunna neneda tapak deku, geus kitu malik mayun ka mayit

bari ngalahir, "Tabita, geura hudang!" Nyah mayit teh beunta, ret ka Petrus tuluy diuk.

⁴¹ Ku Petrus dicepeng dibantuan hudang. Ti dinya anu palercaya jeung randa-randa teh ku Petrus disalaur; Tabita anu geus hirup deui diserenkeun ka maranehna.

⁴² Beja perkara eta terus kagurnitakeun ka sakuliah Yopa, nepi ka loba anu palercaya ka Gusti.

⁴³ Petrus linggih heula di Yopa meunang sababaraha poe di imah Simon tukang nyamak kulit.

10¹ Di Kesarea aya hiji kapala pasukan Rum anu disebutna "Pasukan Itali", ngaranna Kornelius.

² Jelemana ibadah, tur jeung sakulawargana ngabarakti ka Allah, jeung loba tutulungna ka urang Yahudi anu mariskin, sarta rajin neneda ka Allah.

³ Dina hiji sore kira-kira pukul tilu, dina tetenjoanana aya malaikat Allah nembongan sidik pisan jeung ngagentaan, "Kornelius!"

⁴ Kornelius neuteup semu sieun, pok ngawalon, "Aya pikersaeun naon, Juragan?" Waler malaikat, "Doa paneda jeung lampah maneh tutulung geus katarima ku Allah, ku Mantenna baris dimakbul.

⁵ Geura nitahan jelema ka Yopa, angkir jalma anu ngaran lengkepna Simon Petrus,

⁶ anu ayeuna keur natamu di tukang nyamak kulit ngaran Simon, imahna di sisi laut."

⁷ Sanggeus malaikat mulih, Kornelius nyalukan bujangna duaan, jeung hiji serdadu kadeuheus tur ibadah.

⁸ Sanggeus dibejaan hal kajadian bieu tuluy dititah ka Yopa.

⁹ Poe isukna kira-kira tengah poe, waktu eta jurungan geus rek narepi ka Yopa, Petrus unggah ka loteng seja sembahyang.

¹⁰ Bet ngadadak ngaraos lapar hoyong barangtuang. Sabot tuangeunana disadiakeun, anjeunna aya titingalianana,

¹¹ ningali langit muka, seug aya nu turun jiga lawon rubak ditalian opat juruna, diulur nepi kana taneuh.

¹² Breh eusina tembong, rupa-rupa sato, sato-sato nu ngarayap, jeung manuk-manuk haram.

¹³ Geus kitu aya soara, "Geura cengkat, Petrus, eta peuncit, tuluy dahar!"

¹⁴ Waler Petrus, "Paliyas, Gusti! Abdi mah tara neda barang haram atanapi najis."

¹⁵ Saur soara deui, "Anu geus dihalalkeun ku Allah, ku maneh ulah diharamkeun."

¹⁶ Kituna teh nepi ka tilu kali, geus kitu eta barang teh ditarik deui ka langit.

¹⁷ Sabot Petrus ngamanahan pihartieun titingalieunana, jurungan Kornelius geus narepi ka imah Simon, narangtung hareupeun lawang,

¹⁸pupuntenan jeung nanyakeun, "Leres kitu di dieu aya tatamu anu jenenganana Simon Petrus?"

¹⁹Petrus masih ngamanahan keneh pihartieun titingalieunana. Geus kitu Roh Allah nimbalan ka anjeunna, "Itu maneh aya anu neangan tiluan!"

²⁰Buru-buru turun, jung kaditu milu ulah asa-asanya, sabab Kami anu nitah maranehna ka dieu."

²¹Petrus geuwat lungsur. "Ieu, Bapa," saurna ka semah, "aya perlu naon?"

²²Walonna, "Abdi-abdi piwarangan Kornelius. Anjeunna jalmi berbudi anu ngabakti ka Allah, sareng kalintang dihormatna ku sadaya urang Yahudi. Anjeunna kenging timbalan malaikat Allah kedah ngahaturanan Juragan ka bumina, supados tiasa ngadangukeun pilahir Juragan."

²³Semah ku Petrus diangken sina meuting di dinya. Poe isukna Petrus angkat jeung nu neang, dibarengan ku sawatara urang Yopa anu sakapercayaan.

²⁴Poe isukna deui anjeunna geus sumping ka Kesarea, keur didago-dago ku Kornelius anu geus ngondangan sanak baraya jeung sobat-sobatna.

²⁵Barang Petrus sumping, Kornelius muru, munjungan mani tapak deku.

²⁶Ku Petrus dicepeng sina nangtung, saurna, "Ngadeg! Bapa oge sami manusia."

²⁷ Bari lebet Petrus sasauran terus ka Kornelius. Di jero geus loba jelema.

²⁸ Saur Petrus ka maranehna, "Aranjeun tangtos aruninga, urang Yahudi ku agamana dilarang natamu atanapi cacampuran sareng bangsa sanes. Tapi Bapa kenging pituduh ti Allah yen teu kenging nganggap najis atanapi haram ka sasama jalmi.

²⁹ Eta margina waktos anjeun ngangkir Bapa teh, Bapa henteu kaabotan. Ayeuna Bapa tumaros, naon maksadna nu mawi ngangkir teh?"

³⁰ Walon Kornelius, "Tilu dinten nu nembe kalangkung kinten-kinten wayah kieu, tabuh tilu sonten, abdi nuju sembahyang di rorompok. Jleg aya anu ngadeg di payuneun, panganggona herang-mencrang,

³¹ ngalahir kieu, Kornelius! Doa paneda jeung lampah maneh tutulung geus katarima ku Allah. Mantenna baris ngamakbul.

³² Geura nitahan jelema ka Yopa, angkir jelema anu ngaran lengkepna Simon Petrus, anu keur natamu di tukang nyamak kulit ngaran Simon, imahna di sisi laut.

³³ Harita keneh oge enggal abdi ngajurungan. Hatur nuhun kana kasaean Bapa parantos kersa sumping. Ieu anu karempel di payuneun Allah, sadayana ngajeng-ngajeng pisan hoyong ngupingkeun timbalan Allah ti Bapa."

³⁴ Petrus ngalahir, "Parantos tetela ka Bapa, yen mungguh di Allah mah jalmi teh sami.

³⁵ Bangsa naon oge upami ngabakti ka Mantenna sareng hade kalakuanana mah tangtos ku Mantenna diangken.

³⁶ Aranjeun tangtos parantos aruninga kana embaran ti Allah anu diembarkeun ka urang Israil, nya eta Injil Kasalametan anu nengtremkeun jiwa sakur anu anut ka Yesus Kristus, Gusti sakumna manusa.

³⁷ Tangtos aruninga kana kajadian penting di sakuliah tanah Israil anu diawitan ti Galilea, saparantos Yohanes ngembarkeun perkawis baptisan.

³⁸ Sareng tangtos aruninga perkawis Yesus urang Nasaret anu ku Allah dipaparin Roh Suci sareng dipaparin kakawasaan. Anjeunna nyebarkeun kasaean ka mana-mana, sareng nyageurkeun jalmi-jalmi anu diraksuk ku Iblis, margi Anjeunna disareangan ku Allah.

³⁹ Sagala perkawis anu ku Anjeunna dipidamel di tanah Israil sareng di Yerusalem, Bapa sareng babaturan saksina. Anjeunna ditelasan ku urang Yahudi, dipaku dina kayu salib.

⁴⁰ Nanging dina katilu dintenna ti saparantos pupus, ku Allah dihirupkeun deui lajeng diebrehkeun.

⁴¹ Nanging diebrehkeunana henteu ka sadayana, mung ka sawatara urang anu ku Allah parantos dipilih baris jadi saksi,

nya eta Bapa sareng babaturan, anu kantos dahar nginum sareng Anjeunna saparantos Anjeunna gugah tina pupus.

⁴²Bapa sareng babaturan ku Anjeunna dipiwarang ngembarkeun Injil Kasalametan sareng mertelakeun yen Anjeunna teh ku Allah parantos dijenengkeun hakim sakumna manusa, boh anu harirup keneh boh anu parantos maraot.

⁴³Nabi-nabi sadayana anu nyaurkeun perkawis Anjeunna netelakeun yen anu percaya ka Anjeunna bakal dihampura dosana ku kakawasaan jenengana-Na."

⁴⁴Sabot Petrus ngawulang keneh, Roh Suci lungsur ka nu keur ngararegepkeun piwulangna.

⁴⁵Urang Yahudi anu geus sakapercayaan anu ngarencangan Petrus ti Yopa hareraneun, dumeh nu lain bangsa Yahudi oge ku Allah dipaparin Roh Suci,

⁴⁶marake basa-basa sejen ngamulyakeun kaagungan Allah. Petrus ngalahir,

⁴⁷"Ieu dulur-dulur geus narampa Roh Suci cara urang. Saha anu bisa ngahalang-halang lamun ayeuna dibaptis ku cai?"

⁴⁸Petrus miwarang supaya maranehna dibaptis kalawan pajenengan Yesus Kristus. Geus kitu Petrus ku maranehna dicandet supaya linggih heula di dinya sawatara poe.

11 ¹Beja yen aya anu lain bangsa Yahudi narampa pangandika Allah geus nepi

ka rasul-rasul, jeung geus nyebar ka anu
geus palercaya di sakuliah Yudea.

² Waktu Petrus sumping ka Yerusalem,
anjeunna dipaduan ku jelema-jelema anu
disunat, pokna,

³ "Ku naon anjeun dugi ka natamu ka bangsa
anu henteu disunat, malah tuang sasarengan
jeung maranehna?"

⁴ Ku Petrus dicarioskeun hal ihwalna, ditetek
ti barang mimiti, saurna,

⁵ "Kaula meunang tetenjoan di Yopa sabot
keur sembahyang. Aya anu diturunkeun ti
langit siga lawon rubak ditalian opat juruna,
diulur nepi ka deukeut kaula.

⁶ Ku kaula ditempo, eusina rupa-rupa sato
ingu jeung sato leuweung, sato-sato nu
ngarayap, jeung manuk-manuk haram.

⁷ Tuluy kaula ngadenge aya soara ngalahir
ka kaula, Geura cengkat, Petrus, eta peuncit,
tuluy dahar!

⁸ Walon kaula, Paliyas, Gusti! Abdi tara neda
barang haram atanapi anu najis!

⁹ Tapi eta soara teh ngalahir deui ti langit,
Anu geus dihalalkeun ku Allah ku maneh ulah
diharamkeun!

¹⁰ Kitu jeung kitu bae nepi ka tilu kali,
tungtungna eta barang teh kabeh ditarik deui
ka langit.

¹¹ Sawaktu pisan jeung eta aya tilu jelema
daratang ka imah anu dianjrekan ku kaula,
utusan ti Kesarea seja ka kaula.

¹²Kaula didawuhan ku Roh Suci yen kudu milu jeung maranehna, ulah asa-asa. Kaula milu indit, dibaturan ku urang Yopa genepan anu geus palercaya. Datang ka Kesarea tuluy sarerea asup ka imah Kornelius.

¹³Kornelius nyarita yen meunang tetenjoan, aya malaikat ngadeg di imahna, ngalahir kieu, Maneh geura ngajurungan jelema ka Yopa, angkir jelema anu ngaran lengkepna Simon Petrus,

¹⁴anu bakal nepikeun pangandika pisalameteun maneh sakulawarga.

¹⁵Sanggeus kaula medar perkara eta, Roh Suci lungsur ka maranehna, cara ka urang basa mimiti narima tea.

¹⁶Ras kaula inget ka anu dilahirkeun ku Gusti, nya eta, Yohanes ngabaptisna ku cai, ari maraneh mah bakal ngabaptis ku Roh Suci.

¹⁷Tetela Allah ku manten anu maparinkeun eta kurnia ka maranehna teh, cara ka urang bareto basa urang mimiti percaya ka Gusti Yesus Kristus. Ku sabab kitu pimanaeun kaula bisa nyegah pangersa Allah!"

¹⁸Sanggeus meunang keterangan kitu, anu nyaralahkeun ka anjeunna teh tungtungna mah maruji ka Allah, pokna, "Leres upami kitu mah, sanes bangsa Yahudi ge ku Allah dipaparin kasempetan tobat sareng hirup anu sajati."

¹⁹ Para panganut Yesus anu diudag-udag basa Stepanus dipaehan tea, papencarna aya anu nepi ka Penesia, Siprus, jeung Antioki. Di ditu tetep nguarkeun pangandika Allah ka urang Yahudi deui.

²⁰ Tapi aya anu asalna ti Siprus jeung Kirena daratang ka Antioki nguarkeun Injil Kasalametan hal Gusti Yesus ka nu lain urang Yahudi,

²¹ tur disareengan ku kakawasaan Gusti, nepi ka loba pisan anu tuluy palercaya, aranut ka Anjeunna.

²² Tuluy eta hal kabejakeun ka jamaah di Yerusalem, anu terus ngutus Barnabas ka Antioki.

²³ Barnabas kacida bingaheunana ningali maranehanana sakitu diberkahanana ku Gusti. Maranehna ku anjeunna dipeupeujeuhan supaya enya-enya satia satuhu ka Gusti.

²⁴ Barnabas jalma berbudi, manahna pinuh ku Roh Suci, kacida percayana ka Gusti, nepi ka loba anu katarik aranut ka Gusti.

²⁵ Ti dinya Barnabas ngalayad Saulus ka Tarsus.

²⁶ Saulus dicandak ka Antioki, kumpul jeung jamaah di dinya sataun compleng lilana bari ngawulang ka jalma rea. Jalma-jalma panganut Yesus mimitina disarebut "Urang Kristen" teh nya didinya, di Antioki.

²⁷ Sawaktu keneh jeung eta aya sawatara nabi ti Yerusalem sarumping ka Antioki.

²⁸ Nabi anu jenenganana Agabus ngaramal ku pangdorong Roh Allah, saurna bakal aya bahla kalaparan di sakuliah dunya. (Ramalanana teh enya ngabukti, kajadian dina jaman pamarentahan Prabu Klaudius.)

²⁹ Ku sabab kitu para panganut Yesus di Antioki rempug rek arudunan sakamampuhna masing-masing, sumbangkeuneun ka dulur-dulur sakapercayaan di Yudea.

³⁰ Sanggeus duitna kumpul, tuluy ngutus Barnabas jeung Saulus pikeun nyerenkeun eta duit sumbangan ka pangurus jamaah di Yudea.

12¹ Dina jaman eta keneh, Raja Herodes mimiti ngayakeun talajak keras ka sawatara anggota jamaah.

² Yakobus rakana Yohanes ku anjeunna dipaehan ku pedang.

³ Ngaraos yen anjeunna kitu teh dipikaresep ku urang Yahudi, tuluy deui nangkep Petrus. (Kajadianana waktu keur Pesta Roti Teu Diragian.)

⁴ Sanggeus ditangkep Petrus diasupkeun ka pangbuian, dipiwarang dijaga ku opat regu serdadu, sareguna opat-opat. Maksad Herodes, sabada Pesta Paska Petrus rek dipariksa ku anjeunna di hareupeun umum.

⁵ Sabot Petrus ditahan di pangbuian, para anggota jamaah teu eureun-eureun sasambat ka Allah mangnedakeun anjeunna.

⁶ Piisukaneun dipariksa ku Herodes di hareupeun umum, peutingna Petrus kulemna dihapit ku dua serdadu jeung dibarogod ku dua rante. Panto panjarana dijaraga.

⁷ Ujug-ujug jleg bae aya malaikat Pangeran ngadeg, kamar anjeunna ditahan mani hibar ku cahayana. Eta malaikat ngaguyah-guyah ngagugahkeun Petrus, saurna, "Geuwat hudang!" Harita keneh rante barogod panangan Petrus lesot.

⁸ Malaikat ngalahir deui, "Kencengkeun sabuk, pake tarumpah." Petrus ngencengan sabuk, tarumpahna dianggo. Malaikat ngalahir deui, "Harudumkeun jubah, hayu tuturkeun kami."

⁹ Petrus nuturkeun, kaluar ti jero panjara bari asa samar, eta teh naha malaikat saenyana atawa ngan titingalian bae.

¹⁰ Pos jaga kahiji jeung kadua geus kaliwat, jol ka panto beusi lawang kaluar. Bray pantona muka sorangan, Petrus jeung malaikat kaluar. Sanggeus nepi ka tungtung jalan les malaikat teh ngantunkeun.

¹¹ Petrus teu samar deui kana eta kajadian, terus ngagereyem, "Ayeuna aing yakin ieu teh saenyana. Gusti ngutus malaikat-Na nyalametkeun aing tina genggeman Herodes jeung tina maksud jahatna urang Yahudi."

¹²Sanggeus ngamanah-manah tuluy anjeunna ngajugjug ka bumi Maria, ibuna Yohanes anu katedlah Markus. Di dinya keur loba jelema anu neneda.

¹³Petrus ngetrokan panto. Hiji gandek awewe ngaran Rode nyampeurkeun rek mangmukakeun.

¹⁴Manehna ujug-ujug wawuheun kana soanten Petrus. Bakating ku atoh lain buru-buru muka panto, tapi kalah ka lumpat balik deui hariweusweus yen anu keketrok teh Petrus.

¹⁵Ceuk nu sejen, "Boa maneh gundam!" Rode keukeuh ngaenyakeun, tapi dijarawab, "Meureun eta mah malaikatna."

¹⁶Petrus haben bae keketrok. Tungtungna panto dibuka. Ari bray, maranehna kacida karageteunana.

¹⁷Ku Petrus diisarahan supaya jarempe, ti dinya anjeunna nerangkeun hal anjeunna dikaluarkeun ku Gusti ti jero panjara.

"Pangbejakeun bae ka Yakobus jeung ka nu sejen," saurna ka maranehna. Geus kitu angkat ti dinya ka tempat sejen.

¹⁸Sanggeus bray isuk, serdadu-serdadu anu ngajaraga gehger, baringungeun aya kajadian naon ka Petrus.

¹⁹Herodes nimbalan supaya Petrus disaksrak, tapi lebeng teu kapanggih. Ku sabab kitu serdadu-serdadu jaga teh ku anjeunna dipariksa terus diparaehan. Geus

kitu Herodes angkat ti Yudea, ngadon calik di Kesarea rada lila.

²⁰ Herodes kacida benduna ka urang Tirus jeung urang Sidon. Ku sabab kitu maranehna ngadareuheus ka anjeunna, tapi ngabadamian heula kawasa karaton anu ngaranna Blastus, menta dibelaan. Geus kitu kakara ngadareuheus ka Herodes, marenta karapihan, sabab bahan dahareun nagrina gumantung ka nagri cangkingan Herodes.

²¹ Dina hiji poe beunang milih, Herodes dangdos ku anggoan karajaan, linggih dina tahta terus pidato.

²² Rahayatna surak, pokna, "Ieu gentra dewa, lain sora manusa!"

²³ Tapi sapada harita keneh Herodes digebug ku malaikat Pangeran, lantaran kacida heunteu hormatna ka Allah, salirana dihakanan ku bilatung tuluy pupus.

²⁴ Pangandika Allah beuki sumebar ka mana-mana, beuki nyerep.

²⁵ Barnabas jeung Saulus sanggeusna beres ngalaksanakeun kawajibana, tuluy marulih ti Yerusalem bari nyandak Yohanes Markus.

13¹ Di jamaah Antioki aya sababaraha nabi jeung guru, nya eta: Barnabas, Simeon (anu katedlah si Hideung), Lukius (ti Kirena), Menahem (anu digedekeunana bareng jeung Raja Herodes), jeung Saulus.

² Hiji mangsa waktu aranjeunna keur ngalakonan ibadah ka Gusti jeung paruasa,

Roh Suci nimbalan, "Kami menta Barnabas jeung Saulus, pikeun ngajalankeun pagawean ti Kami pribadi."

³Sabada paruasa jeung neneda, Barnabas jeung Saulus ditumpangan panangan ku aranjeunna tuluy diutus.

⁴Barnabas jeung Saulus anu diutus ku Roh Suci arangkat ka Seleukia, ti dinya terus balayar ka pulo Siprus.

⁵Sanggeus sarumping ka Salamis tuluy ngawulangkeun pangandika Allah di imah-imah ibadah urang Yahudi, dibantu ku Yohanes Markus.

⁶Aranjeunna ngideran eta pulo nepi ka Pafos. Di dinya pendak jeung hiji tukang sihir ngaran Bar Yesus, urang Yahudi anu ngakukeun nabi,

⁷anu nyobat jeung Sergius Paulus jalma pinter, gupernur eta pulo. Eta gupernur ngahaturan sumping ka Barnabas jeung Saulus, hoyongeun ngadangu pangandika Allah.

⁸Tapi aranjeunna dilawan ku tukang sihir tea anu boga ngaran Yunani Elimas, maksudna supaya eta gupernur ulah nepi ka percaya ka Yesus.

⁹Saulus, anu harita geus katedlah Paulus, mureleng ka eta tukang sihir lantaran kadorong ku Roh Suci,

¹⁰tuluy ngalahir kieu, "Anak Iblis! Maneh satruna sakur nu hade, pinuh ku

sagala tipu daya, purah ngabohongkeun
kayaktian-kayaktian ti Gusti!

¹¹ Ayeuna rasakeun ieu panangan Gusti!
Maneh bakal lolong, sababaraha lilana moal
nenjo-nenjo panonpoe." Sapada harita
keneh reup Elimas ngarasa poek, panonna
katutup ku pepedut hideung, tuluy uyup-ayap
neangan nu pinungtuneun.

¹² Ningali kajadian kitu, guper nur jadi
percaya ka Yesus, sabab anjeunna kacida
katarikna ku pangajaran hal Gusti.

¹³ Paulus jeung rerencanganana anu duaan
balayar ti Pafos ka Perga, hiji kota di Pampilia,
ti dinya papisah jeung Yohanes Markus anu
terus mulang ka Yerusalem.

¹⁴ Ti Perga anjeunna jeung Barnabas terus
ka Antioki di Pisidia, poe Sabatna aranjeunna
ngiring kempelan di imah ibadah urang
Yahudi.

¹⁵ Sabada aosan tina Kitab Musa jeung tina
Kitab Nabi-nabi, pangurus-pangurus imah
ibadah ngahaturanan ka aranjeunna, pokna,
"Bilih para Saderek bade maparin amanat
atanapi pangdeudeul sumanget, mangga
dihaturanan ka payun."

¹⁶ Jung Paulus ngadeg, tuluy maparin isarah
ku panangan, barabat sasauran: "Dulur-dulur
urang Israil katut anu sanes-sanesna anu
karempel di dieu ngalakonan ibadah ka Allah!
Darangukeun!

¹⁷ Allahna bangsa Israil parantos milih karuhun urang. Karuhun urang nalika ngumbara di Mesir ku Mantenna dijadikeun hiji bangsa gede. Ti dinya ku Allah maranehna dicandak kaluar ti Mesir.

¹⁸ Opat puluh taun Mantenna nyabaran tingkah polah maranehna di gurun keusik.

¹⁹ Tujuh bangsa di Kanaan ku Mantenna dibasmi, tanahna dijadikeun milik maranehna.

²⁰ Kitu saterasna dongkap ka opat ratus lima puluh taun. Sabada eta, maranehna diatur ku hakim-hakim anu diangkat ku Mantenna dugi ka jaman Nabi Samuel.

²¹ Ti dinya maranehanana marenta raja. Ku Allah dikabulkeun, Saul bin Kis ti kaom Binyamin diangkat jadi rajana dugi ka opat puluh taun.

²² Saul ku Allah dikeser, Daud dijadikeun raja gegentosna. Kieu timbalan Allah perkawis Daud, Kami uninga, Daud anak Isai teh jelema pikapanujueun, anu bakal ngalakonan sagala pangersa Kami.

²³ Allah ngalaksanakeun jangji-Na, ti turunan Daud aya anu ku Mantenna dijadikeun Jurusalamet pikeun urang Israil, nya eta Yesus.

²⁴ Samemeh Yesus ngawitan ngajalankeun padamelanana, sakumna bangsa Israil diajak tobat ku Yohanes sareng kedah dibaptis.

²⁵ Saparantos tugasna meh rengse, Yohanes ngalahir kieu ka maranehna, Saha ari

kaula, ceuk aranjeun? Kaula lain anu keur diarep-arep ku aranjeun. Anjeunna mah sumpingna engke sanggeus kaula. Ka Anjeunna kaula teu wani mangudarankeun tarumpah-tarumpah-Na acan.

²⁶ Para saderek turunan Ibrahim, kitu deui nu sanes, anu karempel di dieu ngalakonan ibadah ka Allah! Eta wawaran pisalameteun teh pikeun urang!

²⁷ Margi urang Yerusalem mah katut para pamingpinna teu tarerangeun yen nya Anjeunna Jurusalamet maranehna. Unggal Sabat maranehna maraca seratan nabi-nabi, tapi eusina teu kahalartieun. Yesus ku maranehna dihukum, cocog sareng anu disaurkeun ku nabi-nabi.

²⁸ Sanajan maranehna teu manggih pisan sabab pikeun ngaragragkeun hukum pati ka Anjeunna, keukeuh marenta ka Pilatus supaya Yesus dihukum pati.

²⁹ Sanggeus sagala niat jahat maranehna ka Anjeunna tinekanan sakumaha anu kaungel dina Kitab Suci, layon Anjeunna diturunkeun tina tihang salib, digolerkeun di jero kuburan.

³⁰ Nanging ku Allah digugahkeun deui tina pupusna.

³¹ Saparantos gugah, di lebet sababaraha dinten sering nemongan ka jalmi-jalmi anu tadina ngingiring Anjeunna ti Galilea ka Yerusalem, anu ayeuna jaradi saksi perkawis Anjeunna ka urang Israill.

³² (13: 32-33) Ayeuna sim kuring seja ngadongkapkeun ka aranjeun Injil Kasalametan, nya eta: Perkawis anu baheula dijangjikeun ku Allah ka karuhun urang teh ayeuna laksana, ka urang anu jadi turunanana, reh Allah parantos ngahirupkeun deui Yesus, sakumaha anu parantos kaungel dina Jabur anu kadua, kieu, Hidep Putra Ama; ayeuna Ama geus jadi Rama Hidep.

³³ (13: 32)

³⁴ Perkawis Yesus gugah ti nu maraot dugi ka salira-Na henteu kungsi buruk di jero kuburan, kieu pangandika Allah: Hidep ku Ama bakal diberkahan, ku berkah suci tur pasti sakumaha jangji Ama ka Daud.

³⁵ Dina bagian sejen aya deui, ungelna: Gusti moal ngantep abdi-Na nu satia ajur di jero kuburanana.

³⁶ Daud anu ngalakonan pangersa Allah parantos pupus, dikurebkeun di makam karuhunna, salirana ajur di jero kuburan.

³⁷ Nanging Yesus mah henteu kitu, margi ku Allah digugahkeun deui ti nu maraot.

³⁸ (13: 38-39) Ku margi kitu mugia aruninga, perkawis panghampura dosa anu diwawarkeun ka aranjeun teh jalanna ti Yesus. Sakur anu percaya ka Anjeunna bakal dileupaskeun tina dosa-dosa, anu moal bisa dileungitkeun ku Hukum Musa.

³⁹ (13: 38)

⁴⁰Ku margi kitu sing ariatna, supaya aranjeun ulah kaasup ka jalmi-jalmi anu ku nabi-nabi disaurkeun kieu:

⁴¹ Ati-ati maraneh, tukang ngahina! Maraneh bakal ngarenjag tuluy paraeh! Kiwari Kami keur ngalaksanakeun hiji perkara, anu sanajan dipertelakeun ge ku maraneh moal dipercaya!"

⁴² Waktu keur kalaluar ti dinya, ka Paulus jeung Barnabas pada ngahaturanan supaya Sabat hareup sarumping deui ngalajengkeun piwulang anu bieu.

⁴³ Bubar kumpulan, Paulus jeung Barnabas ditaluturkeun ku urang Yahudi jeung ku nu sejen nu arasup agama Yahudi. Maranehna ku aranjeunna dinasehatan supaya hirupna tetep aya dina rahmat Allah.

⁴⁴ Dina poe Sabat deui urang dinya meh kabeh daratang ngadarengkeun pangandika Allah.

⁴⁵ Nenjo anu karumpulan sakitu lobana, urang Yahudi kacida darengkieunana, tuluy ngahina ka Paulus, piwulang anjeunna dibarantah.

⁴⁶ Tapi Paulus jeung Barnabas malah tambah wani, saurna, "Saenyana pangandika Allah teh wajib ditepikeun ka aranjeun heula. Tapi ku lantaran aranjeun embung narima, jadi aranjeun sorangan anu nangtukeun yen aranjeun mah teu layak narima hirup anu langgeng. Ku sabab kitu aranjeun mah rek

dinggalkeun bae, kaula rek nyanghareup ka bangsa sejen.

⁴⁷ Karana Pangeran geus marentah ka kaula, timbalana-Na: Maneh ku Kami geus dijadikeun cahaya pikeun nyaangan bangsa sejen anu lain Yahudi, supaya salamet manusa saalam dunya."

⁴⁸ Ngadarenge kasauran kitu jelema-jelema nu lain bangsa Yahudi kacida barungaheunana, tuluy maruji kana pangandika Allah. Eta sakur anu ku Allah geus ditangtukeun kana hirup langgeng teh jaradi jelema anu palercaya.

⁴⁹ Pangandika Allah jadi kautarakeun ka sakuliah wewengkon eta.

⁵⁰ Tapi jelema-jelema urang Yahudi tea ngangsonan ka para gegeden kota jeung ka wanita-wanita priyayi anu aribadah ka Allah, jeung mimiti nyarusahkeun ka Paulus jeung Barnabas, sarta tungtungna aranjeunna diusir ti wewengkon maranehna.

⁵¹ Paulus jeung Barnabas kaluar ti dinya bari ngagibrigkeun kekebul tina sampeanana nyirikeun kakeuheul, terus ngabujeng ka Ikonium.

⁵² Ari para panganut Yesus anu di Antioki hatena barungah sarta pinuh ku Roh Suci.

14¹ Di Ikonium Paulus jeung Barnabas ngalaman deui kajadian kawas kitu. Aranjeunna sumping ka imah ibadah urang Yahudi, tuluy ngawulang. Piwulangna

ngayakinkeun, nepi ka loba urang Yahudi jeung bangsa sejen jadi palercaya ka Yesus.

²Tapi maranehna diangsonan ku urang Yahudi anu arembungeun percaya, nepi ka maralik mikaijid ka anu geus palercaya.

³Rasul-rasul teh di dinya rada lila, beuki ludeung ngawulangkeun hal Gusti, tur ku Gusti dipaparin kawasa ngadamel mujijat-mujijat aheng, anu ngabantu netelakeun yen sih kurnia Gusti anu diwulangkeun ku aranjeunna teh sayaktina.

⁴Urang dinya jadi pecah, aya nu biluk ka urang Yahudi, aya nu biluk ka rasul-rasul.

⁵Ti dinya urang Yahudi katut para pamingpinna jeung sawatara jelema bangsa sejen mupakat arek maledogan rasul-rasul ku batu.

⁶Tapi aranjeunna kaburu ngejat, terus sarumping ka Listra jeung Derbe di Likonia, jeung ka wewengkon-wewengkon sakurilingeunana,

⁷ngawulangkeun jalan kasalametan ti Allah.

⁸Di Listra aya hiji jelema anu lumpuh ti barang dijurukeun, teu bisaeun leumpang pisan,

⁹milu ngadengekeun kasauran Paulus. Ku Paulus diteuteup, katingali yen bisa dicageurkeun lantaran hatena percaya.

¹⁰"Geura nangtung sing ajeg!" lahiran Paulus tarik ka manehna. Korejat manehna nangtung tuluy leuleumpangan.

¹¹ Narenjo Paulus iasa midamel kitu jalma rea raong ngaromong dina basana, basa Likonia, "Dewa-dewa lungsur ka urang miraga jalma!"

¹² Barnabas ku maranehna disebut Dewa Zeus, Paulus anu dianggap jadi juru sabda disebut Dewa Hermes.

¹³ Imam Dewa Zeus ti kuil pamujaanana di luar kota datang ka gapura kota, mawa kekembangan jeung sapi jalu sababaraha siki, rek ngajak urang kota ngahaturkeun kurban ka Barnabas jeung Paulus.

¹⁴ Ngadangu pamaksudan maranehna kitu, Barnabas jeung Paulus nyoeuhkeun anggoanana tuluy muru bari ngagero ka maranehna,

¹⁵ "Nanaonan, dulur-dulur? Kaula manusa cara aranjeun! Kaula rek ngembarkeun Injil Kasalametan, seja ngajak aranjeun tobat tina nyembah kana barang gaplah, kana nyembah ka Allah anu jumeneng, anu ngadamel langit, bumi, laut, jeung sakabeh eusina.

¹⁶ Baheula-baheula manusa ku Mantenna diantep karep.

¹⁷ Tapi Mantenna salawasna nyirikeun yen aya, tembong dina sagala padamelana-Na anu harade pikeun aranjeun, nya eta: nurunkeun hujan ti langit, maparin musim hasil bumi, maparin dahareun, jeung nyenangkeun hate aranjeun."

¹⁸Dibere keterangan kitu ge masih keneh seuseut nahanna supaya ulah tulus ngahaturanan kurban ka aranjeunna.

¹⁹Geus kitu daratang urang Yahudi ti Antioki, ti Pisidia, jeung ti Ikonium, mangaruhan. Urang dinya nepi ka pada bariluk ka maranehna. Paulus dibaledogan ku batu, tuluy digusur ka luar kota, cul ditaringgalkeun, samarukna geus pupus.

²⁰Anjeunna cengkat deui sanggeus dirariung ku anu palercaya, tuluy lebet deui ka jero kota. Poe isukna anjeunna jeung Barnabas angkat ka Derbe.

²¹Di Derbe Paulus jeung Barnabas ngawartakeun Injil Kasalametan, jeung loba jelema anu datang ka palercaya ka Yesus. Ti dinya arangkat ka Listra, ka Ikonium, jeung ka Antioki di Pisidia,

²²nguatkeun hate anu palercaya ka Yesus supaya mantep percayana. "Rek asup ka Karajaan Allah teh kudu nyorang heula rupa-rupa kasusahan," kitu saur aranjeunna.

²³Di unggal jamaah aranjeunna ngangkat pamingpin; sanggeus dipuasaan jeung dipangnedakeun, eta pamingpin-pamingpin dititipkeun ka Gusti anu jadi pananggeuhanana.

²⁴Paulus jeung Barnabas kebat ka Pampilia, jalanna ngalangkung wewengkon Pisidia.

²⁵Di Perga ngawartakeun heula pangandika Allah, ti dinya kebat ka Atalia.

²⁶Ti Atalia balayar ka Antioki deui, tempat aranjeunna bareto mimiti dipercaya ngemban rahmat Allah, nya eta kudu ngalakonan damel anu ayeuna geus anggeus.

²⁷Di Antioki ngumpulkeun anggota jamaah, ngawartoskeun sagala perkara anu dipidamel ku Allah ku jalan aranjeunna, jeung perkara Allah geus muka jalan pikeun bangsa sejen, nepi ka maranehna oge jaradi jelema-jelema anu palercaya ka Yesus.

²⁸Rada lila aranjeunna nganjrek di jelema-jelema anu palercaya di Antioki teh.

15¹Aya urang Yudea anu daratang ka Antioki, ngajar kieu ka nu geus palercaya, "Lamun aranjeun teu disarunatan nurutkeun parentah dina Hukum Musa, aranjeun moal bisa disalametkeun."

²Paham kitu kacida dilawanna ku Paulus jeung Barnabas. Tungtungna Paulus jeung Barnabas ti Antioki diutus ka Yerusalem, dibarengan ku sababaraha urang deui, pikeun mereskeun sual eta jeung rasul-rasul.

³Utusan dijajap ku jamaah nepi ka wates kota, ti dinya terus kebat jalanna ka Penesia jeung Samaria. Urang dinya dibejaan, yen bangsa sejen nu lain Yahudi oge geus nyalanghareup ka Allah; kacida aratoheunana.

⁴Di Yerusalem, sanggeusna dibageakeun ku jamaah, ku rasul-rasul, jeung ku para

kokolot jamaah, utusan medar sagala hal anu dipidamel ku Allah ku jalan aranjeunna.

⁵Tapi aya anggota jamaah ti golongan urang Parisi, ngaromong kieu, "Jalmi-jalmi bangsa sanes anu parantos palercaya teh kedah disarunatan, sareng perlu diwartosan kedah tarunduk ka Hukum Musa."

⁶Ieu masalah tuluy dimusawarahkeun ku para kokolot jeung rasul-rasul.

⁷Sanggeus lila sual jawab, Petrus ngadeg tuluy ngalahir, "Dulur-dulur tangtu aremut, geus lila sim kuring ku Allah dipilih ti aranjeun, kedah nguardeun Injil Kasalametan ka bangsa sejen, supaya maranehna oge palercaya kana hal eta.

⁸Allah, anu uninga kana eusi hate unggal jalma, parantos kersa nampi bangsa sejen, nyatana ka bangsa sejen oge, Allah parantos maparin Roh Suci cara ka urang.

⁹Urang sareng bangsa sejen ku Mantenna henteu dibeda-beda. Bangsa sejen oge ku Mantenna dihampura dosana, lantaran maranehna oge palercaya.

¹⁰Ku margi kitu ku naon bade ngaralawan ka Allah, ngudukeun dulur-dulur anu parantos palercaya ngajalankeun sarat anu sakitu beuratna? Karuhun urang ge, nya kitu deui urang sorangan teu kuat ngalakonanana.

¹¹Urang percaya yen boh urang, boh bangsa sejen, pang salamet teh ngan ku karana sih kurnia Gusti Yesus bae."

¹²Ti dinya, barang Paulus jeung Barnabas nyarioskeun sagala mujijat jeung kaahengan anu dipidamel ku Allah di kalangan bangsa sejen ku jalan aranjeunna, anu ngabarandungan mani jempling.

¹³Geus kitu Yakobus ngalahir, "Dulur-dulur, karupingkeun sim kuring!

¹⁴Bieu saderek Simon nerangkeun hal ngawitanana Allah mintonkeun perhatosana-Na ka jalmi-jalmi bangsa sanes, kalayan maksad ti eta bangsa aya anu bade dipilih baris dijadikeun umat-Na.

¹⁵Hal ieu cocog pisan sareng anu kapungkur diramalkeun ku nabi-nabi, anu ungelna,

¹⁶Engke Kami baris datang deui, timbalan Pangeran, seja mulihkeun karajaan Daud. Nu geus runtuh sina ngadeg deui, sina weweg deui.

¹⁷Ku sabab kitu jalma-jalma salian ti eta, bakal daratang ka Kami. Nya eta ti bangsa lian anu geus disalaur ku Kami, sangkan jadi kagungan Kami.

¹⁸Kitu timbalan Pangeran, nguningakeun perkara eta ti baheula keneh.

¹⁹Kitu nu mawi pangrasa sim kuring, dulur-dulur anu teu sabangsa anu parantos tarobat ka Allah teh ulah diririweuh.

²⁰Mending ge urang suratan, anu eusina mepelingan yen teu kenging ngadahar kadaharan anu najis anu parantos disuguhkeun ka brahala, atanapi sato anu

paeh bangkar, atanapi getihna, sareng teu kenging jinah.

²¹ Margi Hukum Musa teh ti baheula keneh unggal-unggal Sabat dibaca di imah-imah ibadah bangsa urang, aturan-aturanana diwurukkeun di saban kota."

²² Geus kitu rasul-rasul jeung para kokolot, kitu deui sakumna jamaah, rempug seja milih dua jelema pikeun diutus ka Antioki, bareng jeung Paulus jeung Barnabas. Geus kapilih duaan, duanana jelema anu kacida dipandangna ku sakur anu palercaya, nya eta Yudas anu katelah Barsabas, jeung Silas,

²³ dibahanan surat anu kieu eusina: "Kahatur para saderek luareun bangsa Yahudi di Antioki, Siria, sareng di Kikilia. Sim kuring, rasul-rasul sareng para kokolot jamaah di Yerusalem, saderek-saderek aranjeun, ngahaturkeun salam kawilujengan.

²⁴ Aya wartos saderek-saderek diririweuh ku jalmi-jalmi sim kuring anu darongkap ka dieu, nyebarkeun paham anu ngabingungkeun. Sayak tosna maranehna sanes utusan ti sim kuring.

²⁵ Ku margi kitu sim kuring sadaya teras barempug, ahirna mupakat bade ngintun utusan ka dieu, anu pidongkapeunana bakal sasarengan sareng saderek Barnabas sareng Paulus saderek urang,

²⁶ anu parantos naruhkeun jiwana demi Gusti urang Yesus Kristus.

²⁷ Utusan teh duaan, nya eta Yudas sareng Silas, anu bakal nerangkeun perkawis ieu serat ku lisan.

²⁸ Roh Suci parantos nyatujuan, kitu deui sim kuring sadaya, moal nambihan kabeubeurat aranjeun ku kawajiban-kawajiban sanesna, salian ti:

²⁹ kedah pantrang kana kadaharan anu parantos disuguhkeun ka brahala, pantrang neda getih, pantrang neda sato anu paeh bangkar, sareng teu kenging jinah. Kalintang utamina upami hal ieu ku saderek-saderek digumatikeun. Sakitu nu kapihatur, wilujeng."

³⁰ Utusan geus ariang ka Antioki, tuluy ngumpulkeun jamaah, suratna dipasrahkeun.

³¹ Eusina kacida nyenangkeunana kana hate nu narima, jamaah ngarasa bungah.

³² Yudas jeung Silas anu saenyana mah nabi, lila cacarios jeung maranehanana, maparin pituah jeung nasehat anu matak negerkeun hate.

³³ Sanggeus nganjrek rada lila, kakara aranjeunna meunang marulih deui ka nu ngutusna bari dijurung ku pangdoa sarere.

³⁴ [Tapi Silas mah ngantunkeun anjeun seja terus di Antioki bae.]

³⁵ Paulus jeung Barnabas rada lila nganjrekna di Antioki, ngajarkeun jeung nguarkeun pangandika Gusti jeung urang dinyana.

³⁶ Sanggeus rada lila, Paulus sasauran ka Barnabas, "Urang ngalongok dulur-dulur

ka tempat-tempat urang bareto nguarkeun pangandika Gusti, hayang terang kumaha kaayaanana."

³⁷ Barnabas hoyongeun nyandak Yohanes Markus,

³⁸ tapi Paulus ngaraos teu hade lamun Yohanes Markus dibawa, lantaran bareto ge henteu terus babarengan nepi ka anggeus, anggur mulang ninggalkeun di Pampilia.

³⁹ Paulus jeung Barnabas nepi ka pabentar nemen pisan, tungtungna aranjeunna papisah. Barnabas tetep nyandak Markus terus balayar ka Siprus.

⁴⁰ Ari Paulus nyandak Silas; sabada ku jamaah dipasrahkeun kana rahmat Gusti terus angkat,

⁴¹ ngideran Siria jeung Kikilia, nguatkeun jamaah-jamaah.

16¹ Paulus neruskeun angkatna ka Derbe, tuluy ka Listra. Di dinya aya hiji panganut Yesus ngaranna Timoteus. Indung Timoteus urang Yahudi anu percaya ka Gusti, ari bapana mah urang Yunani.

²Ku urang Listra jeung Derbe anu palercaya ka Yesus, Timoteus disarebut jelema hade.

³Ku Paulus rek dicandak, ku sabab kitu Timoteus ku anjeunna disunatan heula, lantaran urang Yahudi di dinya kabeh nyarahoeun yen bapana Timoteus teh urang Yunani.

⁴Ka para panganut Yesus di saban kota nu disumpingan, aranjeunna nepikeun sarat-sarat ti rasul-rasul jeung para kokolot di Yerusalem tea, sarta dipeupeujeuhan supaya eta sarat-sarat teh ditarurut.

⁵Kaayaan jamaah-jamaah beuki kuat, kapercayaanana tambah mantep, jeung jumlah anggotana nambahan unggal poe.

⁶Aranjeunna neruskeun angkatna, Prigia jeung Galata dilangkung, sabab Roh Suci teu ngawidian aranjeunna nguarkeun pangandika Allah di daerah Asia.

⁷Di wates wewengkon Misia mimitina rek lalebet ka Bitinia, tapi dilarang ku Roh Yesus.

⁸Ku sabab kitu Misia oge dilangkung, terus ka Troas.

⁹Peutingna di Troas, dina hiji titingalian Paulus ningali aya anu nangtung di payuneunana, hiji urang Makedoni anu nunuhun kieu ka anjeunna, "Mugi sumping ka Makedoni, tulungan sim kuring sadaya!"

¹⁰Lantaran aya titingalian Paulus kitu, sim kuring tiluan gura-giru rek terus ka Makedoni, kajurung ku kayakinan yen geus disaur ku Allah supaya nguarkeun Injil ka urang ditu.

¹¹Terus balayar ti Troas, lempeng ka Samotrake, poe isukna nepi ka Neapolis.

¹²Ti dieu terus asup ka Pilipi, kota anu mimiti di wewengkon Makedoni, jajahan karajaan Rum keneh. Di Pilipi meunang sababaraha poe.

¹³Dina poe Sabat sim kuring tiluan arindit ka sisi walungan luareun kota, sabab ceuk taksiran bakal manggih tempat sembahyangna urang Yahudi. Sim kuring tiluan dariuk, cacarita jeung awewe-awewe anu keur di darinya.

¹⁴Di antarana aya anu ngaranna Lidia, tukang dagang lawon wungu, asalna ti Tiatira. Lidia ibadah ka Allah, harita hatena digerakkeun ku Gusti, kacida ngaregepkeunana ka anu dilahirkeun ku Paulus.

¹⁵Tungtungna Lidia katut saeusimahna, dibaptis. Anggeus dibaptis manehna ngondang ka sim kuring tiluan pokna, "Upami ku aranjeun parantos kagalih yen abdi leres-leres parantos percaya ka Gusti, aranjeun mugi kersa linggih ka abdi," kitu pokna mani maksa.

¹⁶Dina hiji poe waktu rek ka tempat sembahyang tea, di tengah jalan papapag jeung hiji gandek awewe. Eta gandek teh kasurupan ku roh jahat anu bisaeun norah anu tacan kajadian. Pangabisana kana norah kacida nguntungkeunana ka dununganana.

¹⁷Manehna ngan nunutur bae ka Paulus jeung rerencanganana bari celak-celuk, "Ieu nu tiluan teh abdi-abdi Allah Anu Maha Agung! Aranjeunna keur nuduhan jalan pisalameteun pikeun maraneh!"

¹⁸ Kitu jeung kitu bae meunang sababaraha poe, nepi ka tungtungna Paulus jengkeleun. Anjeunna malik nyoreang, tuluy ngalahir ka roh jahatna, "Demi pajenengan Yesus Kristus, geura nyinkah maneh ti eta awewe!" Harita keneh ge roh jahatna kaluar ti eta awewe.

¹⁹ Anu maliara eta awewe ngarasa dibuntukeun lawang pangasilanana. Paulus jeung Silas ditangkep, disered ka alun-alun dideuheuskeun ka anu wajib,

²⁰ didakwakeun ka gegeden-gegeden pamarentah Rum, pokna, "Ieu urang Yahudi nyieun karusuhan di urang,

²¹ ngajarkeun adat kabiasaan anu hamo bisa ditarima atawa dilakonan ku urang, bangsa Rum. Urang teu bisa narima atawa nurut kana eta adat kabiasaan."

²² Jalma rea oge pipilueun narajang ka Paulus jeung Silas. Raksukan Paulus jeung Silas ku para pajabat dirangsadan, terus miwarang jelema ngarangket aranjeunna.

²³ Tas dirangketan kacida nemenna, tuluy aranjeunna dijebloskeun ka pangbuian, bari diomat-omatkeun ka kapala panjara supaya aranjeunna dijaga sing tohaga.

²⁴ Ku sabab kitu aranjeunna diasupkeun ka kamar tahanan pangjerona, sampeanana dipasung, didempet ku balok.

²⁵ Sanggeus kira-kira tengah peuting, Paulus jeung Silas ngadaroa jeung pupujian ka Allah, kadarengeeun ku sakitan lianna.

²⁶ Sabot kitu, aya lini gede teu kira-kira, panjara inggeung-inggeungan nepi ka panto-pantona mararuka, malah rante-rante barogod para sakitan oge ngadadak lalesotan.

²⁷ Kapala panjara nyaring tibuburanjat. Barang nenjo panto-panto panjara geus marolongo, tuluy nyabut pedang rek maehan maneh, samarukna sakitan-sakitan geus kalabur.

²⁸ Paulus ngagero tarik pisan, "Ulah waka maehan maneh! Kabeh sakitan araya keneh!"

²⁹ Kapala panjara menta lampu, tuluy lumpat ka jero, bruk nyuuuh kana sampean Paulus jeung Silas, awakna ngadaregdeg.

³⁰ Aranjeunna tuluy dibawa ka luar. Ceuk kapala panjara sanggeus di luar, "Juragan-juragan, kedah kumaha abdi teh supaya salamet?"

³¹ Waler aranjeunna, "Kudu percaya ka Gusti Yesus, tangtu anjeun salamet, anjeun sakulawarga."

³² Kapala panjara jeung saeusi imahna ku aranjeunna diwulang hal pangandika Allah.

³³ Wanci eta keneh peuting-peuting Paulus jeung Silas dikaluarkeun ti jero bui, raheut-raheutna diberesihan. Kapala panjara jeung sakulawargana dibaptis peuting eta keneh,

³⁴ kacida barungaheunana lantaran geus palercaya ka Allah. Saulus jeung Silas dibawa ka imahna, disuguhan tuang.

³⁵ Sanggeus bray beurang, aya upas-upas utusan ti nu kawasa mawa parentah, "Leupaskeun tahanan anu kamari!"

³⁶ Ku kapala panjara diwartoskeun ka Paulus, "Juragan-juragan parantos dipiwarang dibebaskeun ku pamarentah. Mangga geura marulih, wilujeng angkat."

³⁷ Tapi saur Paulus ka upas-upas, "Kaula duaan teu nyieun kajahatan, tapi nepi ka dirangketan di hareupeun umum. Ieu kaula teh duanana oge warga nagara Rum! Kaula geus meunang kalakuan anu teu adil, nepi ka diasupkeun ka pangbuian, ari ayeuna rek dilepas ririkipan. Kaula teu tarima kitu bae! Gegeden Rum kudu sarumping ka dieu, kaula hayang dibebaskeun masing resmi."

³⁸ Pilahirna ku upas-upas diunjukkeun ka gegeden-gegeden Rum. Barang dibejaan yen Paulus jeung Silas warga nagara Rum, para gegeden teh jadi kacida sarieuneunana,

³⁹ buru-buru menta dihampura ka Paulus jeung Silas, tuluy ngajarajapkeun aranjeunna kaluar ti panjara bari nunuhun supaya aranjeunna ngantunkeun eta kota.

⁴⁰ Paulus jeung Silas terus ngabujeng ka imah Lidia, nepangan nu palercaya. Sabada maparin saur nu matak teger, tuluy arangkat ti dinya.

17 ¹ Paulus jeung Silas kebat arangkatna ngalangkung Ampipolis jeung Apolonia

nepi ka Tesalonika. Di dinya aya hiji imah ibadah urang Yahudi.

²Paulus geus biasa, di mana aya tempat ibadah tangtu lebet. Di dinya oge kitu, ngayakeun tukeur pikiran jeung nu di darinya noron nepi ka tilu poe Sabat, ngutip

³ayat-ayat Kitab Suci, terus diterangkeun bukti-buktina anu netelakeun yen Kristus Jurusalamet teh geus mistina nandang panganiayaan, kitu deui geus mistina kudu tanghi ti nu maraot. Saurna deui, "Anu disebut Jurusalamet teh nya eta Yesus, anu ayeuna ku sim kuring diwartakeun ka aranjeun."

⁴Aya sababaraha urang anu ngarasa yakin kana pilahir anjeunna, seug palercaya jeung ngahiji ka Paulus jeung Silas. Urang Yunani anu aribadah oge loba anu datang ka palercaya, kitu deui wanita-wanitana ti kalangan luhur.

⁵Tapi urang Yahudi darengki, tuluy ngumpulkeun jalma-jalma galandangan ti jalan-jalan, sanggeus meunang loba tuluy nyieun rusuh di sakuliah kota. Imah Yason ditarajang neangan Paulus jeung Silas, rek disered ka jalma rea.

⁶Ku sabab nu diteanganana teu aya, Yason jeung sababaraha jelema anu palercaya digalusur ka nu wajib di kota. Nu nyarieun rusuh teh tinggorowok, "Aya jelema-jelema

tukang ngarusuhkeun di mana-mana! Ayeuna geus daratang ka urang,

⁷ku si Yason dianjrekkeun di imahna. Eta jelema-jelema ngalanggar undang-undang Prabu, nguar-nguar aya raja sejen anu ngaranna Yesus!"

⁸Jalma rea jeung gegeden-gegeden kota jadi geunjleung.

⁹Tapi ahirna Yason, kitu deui anu palercaya lianna, ku nu wajib ngan dikudukeun mere uang pertanggungan, tuluy dibebaskeun.

¹⁰Barang reup peuting, Paulus jeung Silas ku nu geus palercaya disina arangkat ka Berea. Sanggeus sarumping tuluy lalebet ka tempat ibadah.

¹¹Urang Yahudi di dinya leuwih balageur, lain cara anu di Tesalonika. Warta hal Yesus kacida dibarandunganana. Unggal poe ngarulik Kitab Suci, pikeun nitenan bener henteuna pangajaran Paulus teh.

¹²Loba anu terus palercaya, kitu deui urang Yunani ti kalangan luhur, boh lalaki boh awewe.

¹³Urang Yahudi di Tesalonika, barang nyarahoeun yen di Berea oge Paulus nyiarkeun pangandika Allah, tuluy daratang ngangsonan urang Berea sina nyieun huru-hara.

¹⁴Harita keneh Paulus ku urang dinya dijajapkeun ka basisir, tapi Silas jeung Timoteus tetep di Berea.

¹⁵ Paulus dijajapkeun nepi ka Atena, ti dinya nu ngalanteurkeunana baralik deui ka Berea, mawa pesen ti Paulus supaya Silas jeung Timoteus buru-buru nyarusul.

¹⁶ Sajeroning ngantos-ngantos Silas jeung Timoteus di Atena, Paulus ngaraos kacida sedihna ningali eta kota pinuh ku brahala.

¹⁷ Ku sabab kitu, urang Yahudi jeung jalma-jalma anu nyarembah ka Allah ku anjeunna diajak tukeur pikiran di tempat ibadahna. Di pasar mah unggal poe, ngayakeun paguneman jeung saha bae anu kasondongna.

¹⁸ Malah aya ahli-ahli pikir ti golongan Epikuros jeung Stoa anu sual jawab jeung anjeunna. Ceuk nu sawareh ka baturalna, "Eta tukang ngomong teh rek ngomongkeun naon?" "Meureun rek ngenalkeun dewa-dewa bangsa sejen," tembal baturalna, dumeh Paulus nyarioskeun hal Yesus jeung hal pihudangeunana anu maraot.

¹⁹ Paulus ku maranehna diajak ka dewan kota anu disebut Areopagus. Ceuk maranehna, "Kaula hayang terang piwuruk anyar anu diomongkeun ku anjeun.

²⁰ Aya hal anu kakupingna henteu lumbrah, anu matak kaula sarerea jadi panasaran, kumaha eta teh?"

²¹ (Ari urang Atena, kitu deui bangsa-bangsa sejen anu ngamukim di dinya, karesepna meakkeun waktu dipake ngomongkeun atawa

euweuh deui kalakuanana ngan nyaturkeun atawa ngadengekeun perkara-perkara anyar.)

²² Paulus tuluy ngadeg di tengah-tengah dewan, pok nyarios, "Katilikna ku kaula, dina sagala hal urang Atena kacida aribadahna ka dewa-dewa.

²³ Waktos kaula udar-ider di kota ngalanglang tempat-tempat ibadah, ningal hiji altar make tulisan kieu, IEU PIKEUN ALLAH NU TACAN KANYAHOAN. Tah, Allah anu tacan kanyahoan ku aranjeun tapi parantos diparunjung teh, ayeuna ku kaula rek diuarkeun ka aranjeun.

²⁴ Mantenna teh nya eta Allah anu parantos ngajadikeun alam dunya sareng eusina, nu jadi Gustina langit jeung bumi, anu linggihna sanes di jero gedong buatan manusa.

²⁵ Mantenna henteu butuheun ku anu disadiakeun ku urang. Malah nya Mantenna anu maparin hirup sareng ambekan katut salian ti eta ka manusa.

²⁶ Manusa nu asalna hiji, ku pangersa Mantenna geus nepi ka minuhan ieu bumi, bari ti samemehna ku Mantenna parantos ditangtoskeun pililaeun jaman-jamanna sareng tempat-tempat pangcicinganana.

²⁷ Maksad Mantenna supaya manusa teh nareangan ka Mantenna, malakmandar sing datang ka kapanggih sarta karasa aya-Na. Margi Allah teh sayak tosna henteu jauh ti diri urang masing-masing.

²⁸ Geuning aya catur kieu, Urang hirup, usik, jeung gumelar teh ku Mantenna. Saur sawareh bujangga bangsa aranjeun oge, Urang oge putra-putra Mantenna.

²⁹ Ku margi urang teh putra-putra Allah, ulah nyaruakeun Allah jeung emas atanapi perak atanapi batu, titironan cipta seni sareng kaahlian manusa.

³⁰ Jaman manusa teu terang ka Allah ku Allah parantos teu diemut-emut. Ayeuna Mantenna mundut supaya manusa di mana-mana tarobat tina dosana.

³¹ Margi Allah parantos nangtoskeun poe pikeun ngahukum saalam dunya kalawan adilna. Demi nu bakal jadi hakimna hiji manusa anu dipilih ku Mantenna. Hal ieu ku Mantenna parantos diyakinkeun ka unggal jelema, ku jalan nanghikeun eta manusa ti nu maraot!"

³² Barang ngadarenge hal pihudangeunana anu maraot, jalma-jalma teh nu sawareh moyok, nu sawareh deui ngaromong kieu, "Hal ieu engke carioskeun sakali deui, kaula resep keneh."

³³ Ku sabab eta Paulus tuluy kaluar ti pasamoan.

³⁴ Tapi aya oge anu palercayaeun, mihak ka Paulus; nu saurang ngaranna Dionisius, anggota dewan. Nu saurang deui awewe, ngaranna Damaris, jeung jalma-jalma salian eta.

18¹ Ti Atena Paulus terus angkat ka Korinta.

²Di Korinta pendak jeung hiji urang Yahudi asal ti Pontus, ngaranna Akwila. Eta jelema anyar datang ti Itali jeung bojona ngaran Priskila, lantaran urang Yahudi diparentah kalaluar ti Rum ku Prabu Klaudius. Paulus sumping ka manehna,

³saterusna numpang di dinya bari nyiar pangupa jiwa ngadamelan tenda, sabab Akwila oge pagaweanana kana nyieun tenda.

⁴Saban poe Sabat anjeunna ngawuruk di tempat ibadah, ngayakinkeun urang Yahudi jeung urang Yunani sina palercaya ka Yesus.

⁵Sanggeus Silas jeung Timoteus sarumping ti Makedoni, Paulus tambah jongjon nguarkeun pangandika Allah ka urang Yahudi, mertelakeun yen Yesus teh Jurusalamet.

⁶Tapi ku sabab ngan dilawan jeung digogoreng bae ku urang Yahudi, anjeunna bawaning ku teu senang manah nepi ka ngirabkeun anggoan, bari saurna, "Lamun engke aranjeun cilaka, salah sorangan, lain salah kaula! Ayeuna kaula ngan rek datang ka bangsa sejen bae."

⁷Anjeunna terus nytingkir ti dinya, numpang di bangsa sejen anu nyembah ka Allah, ngaranna Titus Yustus, imahna pagigir-gigir jeung imah ibadah urang Yahudi.

⁸Tapi Krispus, kapala eta imah ibadah jeung saeusimahna percaya ka Gusti

Yesus. Urang Korinta sejenna oge sanggeus ngabarandungan pertelaan Paulus loba anu palercaya, terus kabeh dibaptis.

⁹Dina hiji peuting Gusti ngalahir ka Paulus dina hiji titingalian, saur-Na, "Ulah sieun mertelakeun pangandika teh, teruskeun,

¹⁰Kami nyarengan. Moal aya anu bisa nyilakakeun ka maneh, sabab di ieu kota loba piumateun Kami."

¹¹Ku sabab eta Paulus terus ngawurukna di dinya nepi ka sataun satengah.

¹²Barang Galio ku pamarentah Rum dijieu gupernur Ahaya, urang Yahudi sakait terus nyerek Paulus, dibawa ka pangadilan.

¹³Aromongna, "Ieu jalmi ngawujukan rahayat sina ngabakti ka Allah beda tina Hukum Musa."

¹⁴Barang Paulus rek ngawaler, kaburu Galio ngalahir ka urang Yahudi, lahiranana, "Lamun dakwaan maraneh sual palanggaran atawa kajahatan, pantes oge kami sabar nguruskeun pangaduan maraneh, eh urang Yahudi!

¹⁵Sual pacogregan perkara piwuruk, atawa perkara ngaran, atawa perkara hukum anutan maraneh, arurus ku sorangan bae, kami sangeuk nguruskeun nu karitu!"

¹⁶Ti dinya urang Yahudi teh ku anjeunna ditundung sina kalaluar ti jero pangadilan.

¹⁷Tapi maranehna terus nyerek ka Sostenes kapala hiji imah ibadah urang

Yahudi, ditareunggeulan hareupeun kantor pangadilan. Tapi ku Galio teu dipalire.

¹⁸ Paulus meunang sababaraha poe deui calikna di Korinta. Geus kitu tuluy balayar ka Siria, Priskila jeung Akwila dicandak. Di Kengkrea memeh neruskeun balayar, anjeunna diparas heula, sabab rambutna geus panjang lantaran tadina kagungan nadar.

¹⁹ Sanggeus nepi ka Epesus, Priskila jeung Akwila dikantun, anjeunna terus lebet ka imah ibadah ngajar urang Yahudi.

²⁰ Paulus ku maranehna diandeg supaya calikna rada lila, tapi anjeunna teu kersaeun,

²¹ anggur ngajak sasalaman seja terus angkat, saurna, "Manawi diparengkeun ku Allah, engke kaula ka dieu deui." Geus kitu kebat balayar ka Epesus.

²² Sumping ka Kesarea turun ka darat, terus angkat ka Yerusalem nepangan jamaah, ti dinya terus ka Antioki.

²³ Sanggeus calikna di dinya rada lila, tuluy angkat deui mapay-mapay wewengkon Galata jeung Prigia, nguatkeun iman kapercayaan anu aranut ka Yesus.

²⁴ Aya hiji urang Yahudi datang ka Epesus, ngaranna Apolos, asal ti Aleksandria, jalma pinter nyarita, jero kanyahona, jeung paham kana Kitab Suci,

²⁵ jeung geus meunang didikan perkara pangajaran hal Yesus. Nyaritana sumanget,

nyaturkeun perkara Yesus kalawan taliti jeung apik, padahal manehna kakara terangeun kana baptisan Yohanes bae.

²⁶ Apolos mimiti ngajar di tempat ibadah, kacida wanina. Barang halna kadenge ku Priskila jeung Akwila tuluy diaraku dibawa ka imahna. Di dinya kanyahona kana perkara rancangan Allah enggoning nyalametkeun manusa ku jalan Gusti Yesus ditambah.

²⁷ Ti dinya Apolos arek ka Ahaya, ku dulur-dulur di Epesus dibahanan surat anu eusina mihapekeun sangkan Apolos ditarima ku dulur-dulur sakapercayaan di Ahaya. Sanggeus datang, tetela gede pisan tulungna pikeun dulur-dulur anu geus palercaya lantaran nampa sih kurnia Allah.

²⁸ Sabab Apolos bisa pisan ngabantah jeung ngelehkeun caritaan urang Yahudi di hareupeun sarerea, mere bukti-bukti tina Kitab Suci yen Yesus teh Jurusalamet.

19¹ Waktu Apolos di Korinta, Paulus mah ngideran pilemburan di wewengkon eta, ti dinya tuluy sumping ka Epesus. Di Epesus mendak sawatara jelema anu geus palercaya ka Yesus.

² Ku anjeunna dipariksa, "Ti saparantos palercaya, kumaha aranjeun parantos narampi Roh Suci?" Jawabna, "Nguping oge nembe yen aya Roh Suci."

³ Paulus mariksa deui, "Aranjeun dibaptis ku baptisan naon?" "Sumuhun baptisan Yohanes," jawabna.

⁴ Saur Paulus, "Baptisan Yohanes mah baptisan pertobat. Ari anjeunna nyaurkeun yen urang Israil kedah percaya ka anu bakal sumping pandeurieunana; nya eta ka Yesus."

⁵ Sanggeus meunang keterangan kitu, seug maranehna kabeh dibaptis ku pajenengan Gusti Yesus.

⁶ Sanggeusna ku Paulus ditarumpangan panangan, seug nararima Roh Suci, tuluy mimiti ngaromong ku rupa-rupa basa jeung nyaturkeun pangandika Allah.

⁷ Jumlah maranehna kira-kira dua belas urang.

⁸ Paulus lebet ka imah ibadah, mituturan urang dinya kacida wanina nepi ka tilu bulan, sateka-teka ngayakinkeun ka maranehna hal Karajaan Allah.

⁹ Tapi aya anu baredegong jeung arembungeun percaya, ngagogoreng kana ajaran rancangan Allah enggoning nyalametkeun manusa ku jalan Gusti Yesus ka jalma rea. Anu matak Paulus terus nyingkah ti maranehna, nyandak anu geus palercaya, ngawulangna ngalih ka rohangen perpustakaan Tiranus. Saban poe

¹⁰ kitu bae nepi ka dua taun, datang ka urang Yahudi jeung bangsa sejen di sawewengkon

Asia kabeh ngadarenge perkara pangandika Allah.

¹¹ Pangeran nembongkeun mujijat-mujijat luar biasa ku jalan Paulus.

¹² Nepi ka salempay atawa beulitan urut Paulus lamun dibawa ka nu gering, panyakitna terus undur, roh jahat ge terus nytingkah.

¹³ Aya sawatara dukun urang Yahudi anu sok ngider ka ditu ka dieu, wawanianan nyebut jenengan Gusti Yesus ka anu kasurupan roh jahat, pokna, "Demi jenengan Yesus anu diuarkeun ku Paulus, maneh setan geura nytingkah!"

¹⁴ Anu karitu teh tujuh jalma padudulur, anakna Skewa, Imam Agung.

¹⁵ Tapi roh jahatna nembalan kieu, "Aing ka Yesus wawuh, ka Paulus nyaho, ka maraneh mah aing teu nyaho!"

¹⁶ Seug jelema anu kasurupanana teh nubruk ka maranehna terus ngekeyek, nepi ka maranehna raripuh, lulumpatan bari tararanjang, papakeanana rarangsak, awakna raruksak, raraheut.

¹⁷ Terus kautarakeun ka urang Yahudi jeung ka bangsa sejen anu araya di Epesus, nepi ka sarieuneun, sarta pajenengan Yesus beuki seungit.

¹⁸ Loba anu geus palercaya tuluy ngawakcakeun kalakuanana anu enggeus-enggeus ka umum.

¹⁹ Loba deui anu tadina jaradi tukang sihir ngumpulkeun kitab-kitab paririmbonna, tuluy didaruruk kasaksian ku sarerea. Lamun diitung-itung harga eta kitab-kitab teh kabeh pangaji lima puluh rebu uang perak.

²⁰ Pangandika Gusti gancang pisan nerekabna jeung nepi ka nyilepkeun nu sejen-sejen.

²¹ Sabada kajadian eta, Paulus aya manah seja ngalayad ka Makedoni jeung Ahaya, terus rek ka Yerusalem. Jeung saurna, "Sanggeus ti dinya, kaula oge perlu ka Rum."

²² Memeh angkat, anjeunna ngutus heula rerencanganana, Timoteus jeung Erastus sina ti heula ka Makedoni, sabab anjeunna mah rek rada lila keneh calikna di Asia.

²³ Nya dina mangsa eta di Epesus aya huru-hara gede tina sabab pangajaran hal Gusti Yesus.

²⁴ Sabab di dinya aya hiji tukang karajinan perak, ngaranna Demetrius, nu sok nyieunan kukuilan Dewi Artemis. Usahana kacida nguntungkeunana ka buruh-buruhna.

²⁵ Manehna ngumpulkeun babaturanana papada tukang karajinan perak, tuluy ngomong kieu, "Batur-batur! Ieu usaha urang teh kacida nguntungkeunana.

²⁶ Kari-kari, aranjeun oge tangtu moal bireuk deui ka jelema ngaran Paulus, anu nyebutkeun yen piraku aya dewa dijiegku jelema. Loba pisan anu geus kagendam

nepi ka palercaya kana omonganana, lain di Epesus bae, tapi meh di sakuliah Asia.

²⁷ Ieu kacida ngabahyakeunana, palangsiang pacarian urang kubra. Malah boa-boa kuil Dewi Agung Artemis oge cambal moal dipupunjung deui, kaagungan dewi pupuan sa-Asia jeung saalam dunya teh palangsiang bakal musna!"

²⁸ Ngadarenge kitu teh maranehna kacida arambekeunana, tuluy raong, "Hirup Dewi Artemis, pupuan urang Epesus!"

²⁹ Buriak budal nyieun rusuh di sakuliah kota. Malah terus newak Gayus jeung Aristarkus urang Makedoni, rencang nyaba Paulus, disered ka gedong kasenian, jalma-jalma abrul-abrulan.

³⁰ Paulus rek muru, tapi dipegatan ku murid-murid.

³¹ Gegeden-gegeden kota oge, anu sawareh mah geus nyobat ka anjeunna, wariat saur supaya anjeunna ulah nemonan ka gedong kasenian.

³² Di eta gedong kasenian jalma-jalma teh raribut teu puguh dengekeuneunana, ceuk ieu kieu, ceuk itu kitu, kawantu lolobana mah teu nyarahoeun naon tujuanana nu matak ka darinya.

³³ Aya deui nu nyarangka, yen ulon-ulon karusuhan teh Aleksander, pedah eta disurung-surungkeun ku urang Yahudi sina ka hareup. Ari Aleksander tuluy pepeta ku

leungeunna menta supaya jarempé, karepna rek ngabela diri.

³⁴ Tapi barang jalma rea taregeseun yen manehna urang Yahudi, ger bae ngageder, "Agung Artemis, dewi urang Epesus!" Kitu bae terus nepi ka dua jam.

³⁵ Ahirna bisa oge direpehkeun ku panitera kota. Pokna, "Dulur-dulur! Urang Epesus geus euweuh nu bireuk deui, kota Epesus teh purah ngariksa kuil Dewi Artemis jeung batu suci anu ragrag ti langit,

³⁶ taya nu bisa ngabantah. Ku sabab kitu coba rarepeh, ulah gagabah teu paruguh.

³⁷ Ieu dua jelema disered ka dieu, padahal teu ngarampog kuil-kuil, teu ngagogoreng ka dewi urang.

³⁸ Upama Demetrius jeung babaturanana rek ngadakwa jelema, atuh kudu ka pangadilan, kantor pangadilan unggal poe oge muka.

³⁹ Upama rek menta diurus perkara sejen, dibereskeunana kudu dina musawarah umum anu baku.

⁴⁰ Kajadian poe ieu kacida ngabahyakeunana. Urang bisa dikelakkeun nyieun huru-hara, taya alesan pikeun bisa dibenerkeun!"

⁴¹ Geus kitu jalma-jalma teh dibubarkeun.

20¹ Sanggeus eta kaributan jempe, Paulus ngumpulkeun umat percaya, diwurukan sangkan hatena taleger. Ti dinya anjeunna amitan, terus angkat ka Makedoni.

²Sanggeus mapay Makedoni nguatkeun hate duduluran, terus ka Ahaya.

³Di Ahaya meunang tilu bulan, ti dinya seja mulih ka Siria. Barang rek jung, kabujeng uningaeun yen di Siria keur diancam ku urang Yahudi, nu matak mulihna teh rek mapay Makedoni deui.

⁴Ari rerencanganana nya eta Sopater bin Pirus urang Berea, Aristarkus jeung Sekundus urang Tesalonika, Gayus urang Derbe, Tihikus jeung Tropimus urang wewengkon Asia,

⁵sina balayar ti heula, ngadago di Troas.

⁶Ari anjeunna jeung sim kuring mah balayar teh ti Pilipi sabada Hari Raya Roti Teu Diragian. Sanggeus balayar lima poe geus kumpul jeung anu keur ngadarago di Troas. Di dinya reureuh heula saminggu.

⁷Malem Minggu sarerea karumpul seja dahar babarengan. Memeh brak, Paulus ngawuruk heula dumeh poe isukna rek jengkar. Ngawurukna ngagelendut nepi ka tengah peuting.

⁸Kamar loteng nu dipake kumpul raang ku lampu.

⁹Aya perjaka ngaran Etikus diukna dina jandela, nundutan nepi ka les kaheesan tibra pisan, da Paulus terus bae ngagelendut. Eta perjaka tijedag ragrag kana taneuh ti loteng katilu. Barang dijungjung geus teu nyawaan.

¹⁰ Paulus lungsur tuluy nangkubkeun anjeun ngarangkul ka dinya. "Ulah salempang," saurna ka nu sejen, "hirup keneh!"

¹¹ Anjeunna unggah deui, tuluy mimiti mecah-mecah roti, brak sarerea dalahar. Sabadana anjeunna ngawurukan deui, malah nepi ka bray isuk, tuluy jengkar.

¹² Perjaka tea hirup terus, geus ditarawa ka imahna, sarerea ngarasa senang.

¹³ Sim kuring jeung babaturan ku Paulus dipiwarang ti heula kana kapal, balayar ka Asus, megat anjeunna di ditu, sabab anjeunna mah seja badarat.

¹⁴ Sanggeus anjeunna sumping ka Asus, sarerea naek kana kapal, balayar ka Mitilena.

¹⁵ Ti dinya balayar deui, poe isukna geus nepi ka lempengan pulo Kios. Pagetona geus nepi ka Samos, poe isukna deui nepi ka Miletta.

¹⁶ Kersa Paulus moal nyimpang ka Epesus, bisi lila teuing di Asia, sabab anjeunna hoyong buru-buru, lamun kaburu dina hari raya Pentakosta geus aya di Yerusalem.

¹⁷ Ti Miletta Paulus miwarangan ka Epesus, nyaur pamingpin jamaah supaya nepungan ka anjeunna.

¹⁸ Sanggeus maranehna daratang anjeunna tuluy ngalahir, "Aranjeun geus tarerang kana lampah sim kuring sapanjang di aranjeun, ti barang nincak Asia.

¹⁹ Sim kuring ngawula ka Gusti teh teu weleh eling kana kalaipan diri, sering ragragan cipanon, nyorang mangsa cocoba diarah-arah ku urang Yahudi.

²⁰ Tangtu ku aranjeun karasa yen taya hal anu pimangpaateun anu ku sim kuring disalingkuhkeun, anu teu kungsi dituduhkeun atawa diwurukkeun ka aranjeun, boh di tempat umum, boh di imah-imah.

²¹ Sim kuring, nya ka urang Yahudi, nya ka bangsa lianna, geus kacida mepelinganana supaya tarobat ka Allah jeung palercaya ka Yesus Gusti urang.

²² Ayeuna sim kuring teh ku Roh Suci dipundut kudu ka Yerusalem, duka naon anu bakal kasorang di ditu.

²³ Ngan di saban kota sok dituduhan ku Roh Suci, yen sim kuring geus ditunggu ku panjara jeung cocoba.

²⁴ Najan kitu sim kuring moal rek lebar ku nyawa. Cita-cita taya deui lian ti hayang nganggeuskeun kawajiban jeung pagawean ti Gusti Yesus, nya eta mertelakeun Injil hal sih kurnia Allah.

²⁵ Sim kuring parantos sagulung-sagalang jeung aranjeun ngawartakeun hal Karajaan Allah. Ayeuna sim kuring parantos ngarasa yen urang teh moal bisa papanggih deui.

²⁶ Ku sabab kitu sim kuring seja sabalakana bae, yen upama ti semet poe ieu aranjeun aya

anu mengpar, geus henteu jadi tanggungan sim kuring deui.

²⁷ Sabab sakabeh tujuan Allah ku sim kuring geus ditepikeun ka aranjeun, taya anu didingding kelir.

²⁸ Ku sabab kitu jaga diri ati-ati, jaga sakumna jamaah reh aranjeun ku Roh Suci geus dijieun pangurus jamaah Allah, anu diadegkeunana ku nyawa Putra-Na.

²⁹ Geus kaerong, engke sanggeus ku sim kuring ditinggalkeun, aranjeun bakal kadatangan ajag-ajag anu moal aya karunyana ka jamaah.

³⁰ Malah ti aranjeun keneh bakal aya anu ngaliarkeun pangajaran bohong, dipake ngawujuk anu geus palercaya.

³¹ Nu matak sing ariyatna. Jeung aringetkeun, tilu taun sim kuring teu luang-luang mamatahan ka aranjeun beurang peuting bari ragragan cipanon.

³² Ayeuna dulur-dulur ku kaula dipasrahkeun kana panalingaan Allah. Sing mantep percaya kana warta hal sih kurnia-Na. Nya Allah anu kawasa ngadegkeun kapercayaan aranjeun jeung maparin berkah-berkah anu geus disadiakeun keur umat-Na sakumna.

³³ Sim kuring ka aranjeun tara barangpenta boh duit, boh pakean.

³⁴ Aranjeun terang sorangan, pikeun nyukupan pangabutuh sorangan jeung babaturan teh kaula digawe make tanaga.

³⁵Dina sagala hal kaula nyontoan ka aranjeun yen kudu getol baranggawe, jeung kudu nalang ka nu walurat, ngingetkeun pilahir Gusti Yesus anu kieu, Leuwih bagja mere ti batan nampa."

³⁶Tamat ngawurukan, anjeunna tapak deku, neneda jeung sarerea.

³⁷Ti dinya kabeh mani careurik tingsalegruk, Paulus pada ngarangkulan jeung pada mileuleuyankeun.

³⁸Liwat saking naralangsaeunana, pangpangna mah kagagas ku kasauran Paulus yen moal bisa papanggih deui. Geus kitu Paulus pada ngajajapkeun kana kapal.

21 ¹Sanggeus amit-amitan ka para pamingpin jamaah Epesus, terus balayar lempeng ka pulo Kos. Poe isukna nepi ka pulo Rodos, ti dinya terus ka Patara.

²Di Patara manggih kapal anu geus rek balayar ka Penesia, tuluy parindah ka eta kapal terus indit balayar.

³Nepi ka palebah pulo Siprus anu tempong di beulah kenga, kapal mengkol nuju ka Siria. Di Tirus kapal balabuh, tuluy tarurun, sabab kapal rek bongkar muatan.

⁴Sanggeus tarurun tuluy ngalayad ka dulur-dulur sakapercayaan, ngadon nganjrek saminggu. Dulur-dulur teh nganasehatan tina pituduh Roh Suci, supaya Paulus ulah waka angkat ka Yerusalem.

⁵Sanggeus tujuh poe bral deui neruskeun perjalanan, dialanteurkeun ku sarerea jeung anak bojona masing-masing nepi ka luar kota. Di basisir sarerea tarapak deku sarembahyang.

⁶Sanggeus sasalaman cat sarerea kana kapal, nu ngalanteurkeun marulang deui.

⁷Ti Tirus balayar teh nepi ka Petolomais, tuluy manggihan dulur-dulur sakapercayaan, ngarereb heula di maranehna sapoe.

⁸Poe isukna balayar deui nepi ka Kesarea ngaso heula di Pilipus juru injil, hiji ti anu tujuh pangbantu anu bareto diangkat di Yerusalem tea.

⁹Pilipus kagungan putra parawan opat, kabeh barisaeun ngawejang.

¹⁰Sanggeus meunang sababaha poe, aya nabi ti Yudea jenenganana Agabus,

¹¹sumping mendakan. Nabi teh terus nyandak beulitan Paulus dianggo ngaringkus anjeun, panangan jeung sampeanana bari tuluy ngalahir kieu, "Saur Roh Suci, nu kagungan ieu beulitan bakal ditarogod cara kieu ku urang Yahudi di Yerusalem, saterusna diserenkeun ka bangsa sejen."

¹²Nguping kasauran anjeunna kitu sim kuring sarerea nunuhun ka Paulus, supaya anjeunna ulah terus ka Yerusalem.

¹³Tapi anjeunna ngawaler, "Kumaha ari dulur-dulur, anggur careurik matak seber kana hate kaula? Kaula mah ulah mun

dibarogod, demi Gusti Yesus sanajan nepi ka dipaehan oge di Yerusalem suka lilah."

¹⁴Ku sabab anjeunna teu beunang dihalang-halang, tungtungna sarerea pasrah bari ngomong kieu, "Dalah di kumaha, urang sumerah kana pangersa Gusti bae."

¹⁵Sanggeus sababaraha poe deui seug darangdan, bral arindit ngajugjug ka Yerusalem.

¹⁶Aya anu bareng ti Kesarea nu rek ngalanteurkeun ka bumina Menason, urang Siprus anu geus lila anutna ka Yesus, sabab rek nganjrek di anjeunna.

¹⁷Sanepina ka Yerusalem, dulur-dulur sakapercayaan kacida ngabageakeunana.

¹⁸Poe isukna Paulus nepangan ka Yakobus, sim kuring sabatur-batur dicandak.

¹⁹Paulus muka carios, ngadadarkeun sagala hal anu dipidamel ku Allah di kalangan bangsa sejen ku perantaraan anjeunna, ditetek ti awal nepi ka ahir.

²⁰Anu ngabarandunganana kabeh maruji sukur ka Allah. Geus kitu saur aranjeunna, "Saderek Paulus! Mugi kauninga, parantos mangrebu-rebu urang Yahudi anu parantos sakapercayaan sareng urang, nanging sararegep keneh kana Hukum Musa.

²¹Maranehna parantos kenging wartos, yen urang Yahudi anu marukim di antawis bangsa sanes ku Saderek dipiwarang naringgalkeun Hukum Musa, teu kedah

nyarunatan anak-anakna, sareng teu kenging nganggo adat kabiasaan urang Yahudi.

²² Ku margi kitu ayeuna kumaha pisaaeunana? Urang dieu tangtos tarerangeun Saderek sumping.

²³ Sae urang atur kieu: Di dieu kaleresan aya opat jalmi anu garaduh nadar.

²⁴ Saderek kedah ngiring susuci sareng maranehna. Paparin waragad keur ongkos maranehna dicalukur. Pang diatur kieu teh supados tempong ka urang dieu, yen perkawis Saderek anu kawartoskeun ka maranehanana teh teu leres, margi kataringaleun yen saderek oge ngalakonan parentah Hukum Musa.

²⁵ Dupi bangsa sanes anu parantos sakapercayaan sareng urang mah parantos diseratan ti dieu, yen kedah pantrang kana kadaharan urut sasajen ka brahala, teu kenging ngadahar getih atanapi sato anu paeh bangkar, sareng teu kenging jinah."

²⁶ Poe isukna Paulus bareng susuci jeung nu opatan tea. Sabada eta anjeunna terus lebet ka Bait Allah, mopoyankeun iraha pitutupeunana poe susuci pikeun nyaranggakeun kurban.

²⁷ Tapi sanggeus poe susuci rek tamat tujuh poe, Paulus katarenjoeun di jero Bait Allah ku urang Yahudi anu daratang ti wewengkon Asia. Maranehna ngahucuhkeun nu sejen bari nyerek ka Paulus,

²⁸tuluy tinggarero, "Urang Israil, ka
darieu barantuan! Ieu yeuh jelema anu di
mana-mana ngangsonan batur teh, sina
ngamusuh ka urang Israil, kana Hukum Musa,
jeung ka Bait Allah! Ayeuna oge ngasupkeun
bangsa asing ka ieu gedong, nganajiskeun
ieu tempat suci!"

²⁹(Majarna kitu teh dumeh di kota
narenjoeun Paulus bareng jeung Tropimus
urang Epesus, samarukna dibawa asup ka
Bait Allah.)

³⁰Kota jadi geunjleung, jelema-jelema
lalumpatan kabeh muru ka Paulus.
Anjeunna dicerek, tuluy disered ka luar
ti jero Bait Allah, panto-pantona gancang
dipeundeut-peundeutkeun.

³¹Paulus geus rek dipaahan, tapi kaburu
kabejakeun ka komandan pasukan Rum yen
Yerusalem keur rusuh tagiwur.

³²Panglima gancang mepek balad jeung
sawatara perwira, tuluy muru ka tempat
karusuhan. Narenjo komandan pasukan
datang mawa balad, jelema-jelema teh
areureun mahalana ka Paulus.

³³Komandan ngadeukeutan, Paulus
ditangkep jeung diparentahkeun supaya
diborgol ku dua rante. Panglima mariksa,
"Saha ieu jelema? Naon salahna?"

³⁴Jalma-jalma narembalanana tingjarerit
itu kitu, ieu kieu. Ku sabab teu paruguh,
panglima teu meunang keterangan anu bener

Kisah Para Rasul 21.35- 22.3 100
nu matak tuluy marentah supaya Paulus
dibawa ka jero benteng.

³⁵ Barang nepi kana tangga benteng, Paulus kapaksa kudu dipunggu ku serdadu-serdadu, sabab digencet ku nu naluturkeun anu geus kacida garalakna.

³⁶ Maranehna terus bae nyesedek bari tingjarerit, "Paehan!"

³⁷ Barang rek diasupkeun ka benteng, Paulus mihatur ka panglima, "Kenging sim kuring mihatur?" Walon panglima, "Geuning bisa basa Yunani?

³⁸ Sugan teh maneh urang Mesir tea, anu bareto ngamuk tuluy kabur ka gurun keusik jeung tarukang rusuh lengkep sapakarangna."

³⁹ Waler Paulus, "Sim kuring mah urang Yahudi, warga kota Tarsus, kota penting di Kilikia. Nyuhunkeun widi nyanggem ka eta jalmi-jalmi."

⁴⁰ Panglima ngidinan. Paulus ngadeg dina tangga, pepeta ku panangan supaya jarempo. Sanggeus jarempo pok anjeunna nyarios ku basa Ibrani:

22¹ "Dulur-dulur, Bapa-bapa! Sim kuring amit seja ngahaturkeun keterangan."

² Ngadarenge anjeunna sasauran ku basa Ibrani, jalma-jalma teh beuki jarempling. Paulus nyarios deui,

³ "Sim kuring teh urang Yahudi asal Tarsus di Kilikia, digedekeun di dieu di Yerusalem, guguru ka Gamaliel. Ku anjeunna dididik

enya-enya kana Hukum Musa karuhun urang, nepi ka jadi jelema anu suhud ngalakonan parentah Allah cara aranjeun anu ayeuna araya di dieu.

⁴Sarta tadina purah nganiaya anu nyarekel eta agama anyar sina paraeh. Lalaki, awewe, diseredan ka pangbuian.

⁵Bisi teu palercaya, tanyakeun ka Imam Agung jeung ka Mahkamah. Dina hiji poe kaula indit ka Damsik, mawa surat keterangan keur urang Yahudi di ditu, rek nangkepan nu karitu, rek dibawa ka Yerusalem supaya dihukum.

⁶"Sabot keur lumaku geus deukeut ka Damsik, kira-kira tengah poe ngadak-ngadak kaula kasebrot ku hiji cahaya anu moncorong ti langit,

⁷nepi ka tibeubeut kana taneuh. Ngeng ngadenge aya soara, ngalahir kieu, Saulus, Saulus! Ku naon maneh nganiaya ka Kami?

⁸Walon kaula, Saha Juragan teh? Waler-Na, Kami teh Yesus urang Nasaret, anu ku maneh dikaniaya!

⁹Babaturan kaula nya narenjo cahaya tea mah, tapi teu ngadarengeeun kana soara anu ngalahir ka kaula.

¹⁰Kaula unjukan deui, Kedah kumaha abdi teh, Gusti? Waler-Na, Geura hudang, teruskeun ka Damsik. Engke di dinya bakal aya anu ngabejaan pilampaheun maneh sakumaha pangersa Allah.

¹¹ Ku sabab katojo ku cahaya anu sakitu moncorongna tea, kaula jadi lolong, nepi ka ditungtun ku babaturan asup ka Damsik.

¹² Di Damsik aya hiji jelema ibadah, tigin kana Hukum Musa, diarajenan ku urang Yahudi anu di daritu, jenenganana Ananias.

¹³ Sumping ka kaula ngadeg hareupeun. Saderek Saulus, saurna, geura iasa ningali deui! Sapada harita keneh kaula bisa deui ningal, sarta awas ka anjeunna.

¹⁴ Saurna deui, Saderek parantos dipastikeun ku Allah karuhun urang supados uninga kana pangersa-Na sareng ka Putra-Na anu langkung saestu, supados ngadangu kana gentra tina lambe-Na ku anjeun.

¹⁵ Margi saderek bakal dijadikeun saksi Anjeunna, kedah mertelakeun ka sadaya jalmi sagala perkawis anu ku saderek parantos kadangu sareng katingali.

¹⁶ Manga ayeuna urang baptis, bade ngantosan naon deui? Geura sasambat ka pajenengan Gusti, nyuhunkeun dihapunten sagala dosa."

¹⁷ "Kaula balik deui ka Yerusalem, tuluy sembahyang di Bait Allah. Breh aya titingalan,

¹⁸ ningal Gusti. Maneh, lahirana-Na, kudu buru-buru ingkah ti Yerusalem, sabab urang dieu moal daraekeun narima pertelaan maneh tina hal Kami.

¹⁹ Piunjuk kaula, Gusti, kapan eta teh tarerangeun yen abdi tukang ngagerebeg

tempat-tempat ibadah, nangkepan sareng
mergasa jalmi-jalmi anu palercaya ka Gusti.

²⁰Sareng tangtos tarerangeun abdi
kantos nyaksian saksi Gusti pun Stepanus
dipaehan, tur nyatujuan. Malah papakean anu
maraehanana oge abdi anu mangjagakeun.

²¹Waler-Na, Kajeun, indit bae. Sabab maneh
ku Kami rek diutus ka nu jauh, ka bangsa
sejen."

²²Barang Paulus nyariosna nepi ka dinya,
jelema-jelema anu tadina jarempling teh
terus tinggarero meak-meakkeun tanaga,
"Singkirkeun eta jelema ti alam dunya!
Paehan! Hirup ge teu pantes!"

²³Tinggarerona bari ngebut-ngebut jubah
jeung ngalawurkeun taneuh ngebul ka luhur.

²⁴Ku sabab kitu komandan pasukan Rum
teh marentah ngasupkeun Paulus ka jero
benteng, jeung marentah supaya Paulus
dirangket pikeun nganyahokeun sababna eta
jelema-jelema nepi ka kitu tinggorowokna ka
anjeunna.

²⁵Tapi barang ditalian rek dirangket, Paulus
ngalahir ka perwira nu di dinya, "Naha
wenang anjeun ngarangket warga karajaan
Rum memeh perkarana dipariksa?"

²⁶Ngadenge kitu eta perwira tuluy unjukan
ka komandan pasukan, "Bapa, kumaha, eta
jalmi teh geuning warga karajaan Rum!"

²⁷ Komandan nyampeurkeun ka Paulus tuluy mariksa, "Na enya maneh warga karajaan Rum?" "Leres," waler Paulus.

²⁸ Saur komandan, "Kami mah jadi urang Rum teh meuli mahal pisan." Waler Paulus, "Sim kuring mah ti barang lahir."

²⁹ Paulus teu tulus dirangket, anu rek ngarangketna harita keneh undur. Ari komandan pasukan sanggeus uningaeun yen Paulus warga karajaan Rum, jadi sieuneun pedah geus ngarante ka anjeunna.

³⁰ Tapi komandan pasukan hoyongeun uninga, tina pasal naon saestuna panuding urang Yahudi ka Paulus teh. Nu matak poe isukna sanggeus ngalesotkeun borgol Paulus, anjeunna miwarang supaya para imam kapala jeung sakumna anggota Mahkamah karumpul pikeun mariksa Paulus.

23¹ Paulus neuteup Mahkamah, pok sasauran, "Saderek-saderek Israil! Kaula lumampah di payuneun Allah teh terus jeung ati sanubari anu mulus, nepi ka wanci ieu."

² Kakara sakitu nyariosna, Imam Agung Ananias geus nimbalan ka anu narangtung deukeut Paulus supaya nyabok Paulus.

³ Tapi saur Paulus, "Eh, tembok nu dikapur! Anjeun engke dicabok ku Allah! Anjeun diuk di dinya teh ongkoh rek mariksa perkara kaula nurutkeun Hukum Musa, tapi anggur

ngarempak eta Hukum, nitah nyabok ka kaula!"

⁴Nu dareukeut ka Paulus ngaromong ka anjeunna, "Maneh nyarekan Imam Agung, imam Allah!"

⁵Waler Paulus, "Saderek-saderek Israil! Kaula teu terang yen anjeunna Imam Agung. Leres ceuk Kitab Suci oge, Maneh ulah nyapa ka pamingpin bangsa."

⁶Katingali ku Paulus yen Mahkamah teh saparo urang Saduki, saparo urang Parisi. Tuluy anjeunna sasauran bedas ka Mahkamah, "Saderek-saderek Israil! Kaula teh urang Parisi, turunan Parisi. Kaula dijonghokkeun di dieu teh pedah percaya sareng ngarep-ngarep kana pihudangeunana anu maraot!"

⁷Barang anjeunna nyaurkeun kitu, urang Parisi jadi cekcok jeung urang Saduki, Mahkamah jadi midua.

⁸(Sababna, urang Saduki teu percayaeun yen aya kiamat, malaikat, jeung sukma, urang Parisi mah percaya yen eta nu tilu perkara teh aya.)

⁹Mahkamah patorong-torongna beuki tarik. Urang Parisi nu jaradi guru agama narangtung, tuluy ngabantah kieu, "Ceuk kaula, ieu jelema taya kasalahanana! Kawasna enya aya roh atawa malaikat anu sasauran ka manehna!"

¹⁰Ku lantaran Mahkamah jadi hog-hag, panglima inggiseun bisi Paulus dipagorenyangkeun. Gancang marentah serdadu-serdaduna tarurun ngabedol Paulus ti tengah Mahkamah, kudu diasupkeun deui ka jero benteng.

¹¹Peutingna Gusti ngadeg nembongan ka Paulus, terus ngalahir, "Ulah sieun! Maneh geus mertelakeun hal Kami di dieu, di Yerusalem. Engke di Rum oge kudu kitu."

¹²Poe isukna aya urang Yahudi karumpul nyieun sakongkol, nyarumpahan maneh moal dahar moal nginum memeh bisa maehan Paulus.

¹³Jelemana aya opat puluh urang leuwih.

¹⁴Ngadareuheus ka imam-imam kapala jeung ka para kokolot, kieu ngaromongna, "Kuring sadaya parantos ikrar moal dahar moal nginum memeh bisa maehan Paulus.

¹⁵Bapa-bapa sareng rengrengan Mahkamah kedah nyuhunkeun Paulus ka panglima, pura-pura bade dipariksa deui anu langkung taliti. Memeh dongkap ka dieu bade diusahakeun dipaehan di tengah jalan."

¹⁶Tapi eta maksud jahat teh kadengeeun ku hiji budak lalaki putra saderek Paulus istri, anu terus ka benteng bebeja ka Paulus.

¹⁷Paulus nyaur hiji perwira sina mangunjukkeun eta budak ka panglima. Saurna, "Pangdeuheuskeun ieu budak ka panglima, bade aya anu diunjukkeun."

¹⁸Ku eta perwira dideuheuskeun ka panglima, diunjukkeun kieu, "Sakitan Paulus nyalukan ka abdi, miwarang ngadeuheuskeun ieu budak, bade aya piunjukna ka Bapa."

¹⁹Eta budak ku panglima ditungtun, dicandak paduduaan tuluy dipariksa, "Aya naon?"

²⁰Tembalna, "Nun, gegeden Yahudi parantos mupakat enjing bade nyuhunkeun supados Paulus dicandak ka Mahkamah, bade pura-pura dipariksa deui anu langkung taliti.

²¹Mugi ulah dipercanten! Margi sayaktosna Paulus bade dipaehan di tengah jalan ku jalmi-jalmi opat puluh urang langkung. Eta jalmi-jalmi parantos sarumpah moal dahar moal nginum memeh tiasa maehan anjeunna. Maranehna ayeuna parantos taki-taki, kantun ngantos dirujukan ku Juragan."

²²"Ulah bebeja ka saha-saha yen maneh geus unjukan ka kami," saur komandan bari miwarang eta budak sina balik.

²³Panglima nyaur dua perwira, lahiranana, "Sadiakeun serdadu dua ratus, pasukan kuda tujuh puluh, pasukan tumbak dua ratus. Engke peuting pukul salapan inditkeun ka Kesarea.

²⁴Sadiakeun kuda keur Paulus tuluy anteurkeun ka Gubernur Peliks."

²⁵Geus kitu eta komandan pasukan ngadamel surat, unina:

²⁶"Konjuk Anu Mulya Gubernur Peliks.

Sinarengan serat ieu, Klaudius Lisias
ngahaturkeun salam kawilujengan.

²⁷ Unjuk uninga, ieu jalmi ditangkep ku urang Yahudi sareng bade dipaehan. Kabujeng direbut ku sim kuring sareng pasukan, reh kenging wartos eta jalmi teh warga karajaan Rum.

²⁸ Ku margi hayang terang sabab-musababna pang dikitukeun ku urang Yahudi, nu mawi teras ku sim kuring dibantun ka Mahkamah Agama Yahudi.

²⁹ Anu kapendak ku sim kuring, asalna teh tina papaduan perkawis hukum maranehna. Teu aya dosana anu manjing hukum pati atanapi manjing hukum panjara.

³⁰ Sarehing mendak wartos yen bade dipaehan ku jalmi-jalmi anu parantos sakongkol, enggal bae dikintunkeun ka dieu. Dipi anu bade merkarakeunana ku sim kuring dipiwarang ka darieu ngunjukkeun pakelakanana ka payuneun Gubernur."

³¹ Saluyu jeung parentahna, peutingna Paulus ku pasukan serdadu dianturkeun nepi ka Antipatris.

³² Bray isuk, pasukan leumpang baralik deui ka benteng, anu terus ngawal Paulus pasukan kuda.

³³ Nepi ka Kesarea surat disanggakeun ka gubernur, Paulus diserenkeun.

³⁴ Gubernur ngaos surat, ti dinya mariksa ka Paulus asal ti kagubernuran mana. Sanggeus kauninga yen ti Kilikia,

³⁵ gubernur ngalahir, "Maneh engke ku kami dipariksa sanggeus anu rek ngadarakwa ka maneh daratang." Geus kitu anjeunna marentah supaya Paulus ditahan jeung dijaga di kantor gubernuran.

24 ¹Sanggeus heuleut lima poe, Imam Agung Ananias sumping ka Kesarea, direncangan ku sawatara kokolot jeung hiji pokrol ngaran Tertulus. Tuluy ngadareuheus ka Peliks, ngelakkeun Paulus.

²Sanggeus Paulus dilebetkeun, Tertulus ngamimitian ngelakkeun, kieu pihaturna, "Juragan Gubernur nu mulya! Hibar pangjiad Juragan, abdi sadaya parantos lami ginuluran mulus rahayu. Pirang-pirang kasaean Juragan kangge kamajengan bangsa abdi sadaya.

³Eta sadayana, di mana bae sareng salamina, ku abdi-abdi estu katampi sareng kalintang dinuhunkeunana.

⁴Dipi ayeuna, supados teu ngalamikeun ka Juragan, mugi Juragan kersa maparin sih citeres, abdi sadaya sumeja nyanggakeun pihatur saeutik.

⁵Ieu jalmi teh ulon-ulon anu kalintang ngabahyakeunana, tukang ngarusuhkeun di sakuliah dunya, jadi pamingpin hiji madhab anu disebat Nasarani,

⁶malah aya niatna bade nganajiskeun Bait Allah. Nu mawi enggal-enggal ditangkep,

⁷bade dihukum numutkeun hukum bangsa abdi. Nanging kabujeng sumping komandan Lisias anu teras maksa ngarebut eta jalmi ti leungeun abdi sadaya.

⁸Anu bade merkarakeunana ku Lisias dipiwarang ngadareuheus ka Juragan. Hal perkawisna, upami ku Juragan dipariksakeun ka jinisna tangtos bakal kauninga pang manehna diperkarakeun."

⁹Urang Yahudi ngarempukan yen eta pakelakan teh saestuna kitu.

¹⁰Gubernur ngisarahan supaya Paulus nyarios. Pok anjeunna nyarios: "Jisim abdi sumeja ngabela diri kalayan pikiran hegar, reh terang Juragan jadi hakim ieu bangsa teh parantos mangtaun-taun.

¹¹Ku Juragan tangtos gampil kauninga, yen jisim abdi aya di Yerusalem teh nembe dua welas dinten anu kalangkung, maksad sumeja ngalakonan ibadah.

¹²Iraha tea maranehna mendakan abdi papaduan di Bait Allah, sumawonten ngarusuhkeun di tempat sanes di kota.

¹³Ku margi kitu maranehna moal tiasa ngabuktoskeun perkawis anu ditudingkeun ka jisim abdi.

¹⁴Anu sumeja diangken ku jisim abdi, nya eta: Jisim abdi ngabakti ka Allah, Allahna karuhun, nganut Jalan anu ku maranehna

disebat madhab palsu. Sanaos kitu jisim abdi oge percanten kana sadaya anu kaserat dina Hukum Musa sareng dina Kitab-kitab Para Nabi.

¹⁵ Sami sareng maranehna, jisim abdi oge ngaharep ka Allah perkawis pihudangeunana sadaya jalmi tina maot, boh nu bageur, boh nu jahat.

¹⁶ Anu mawi jisim abdi sok ngelingan maneh, hoyong salamina gaduh budi rasa anu taya kuciwana, boh ka Allah, boh ka manusa.

¹⁷ Saparantos mangtaun-taun ngantunkeun Yerusalem teras wangsul, ngabantun artos derma sumbangkeuneun ka bangsa sorangan, sareng sumeja nyanggakeun kurban.

¹⁸ Waktos jisim abdi ngalaksanakeun pasejaan di Bait Allah, tas susuci, kapanggih ku maranehna. Jisim abdi henteu sareng saha-saha, jalmi seueur teu aya, rusuh teu aya.

¹⁹ Anu marendakan jisim abdi teh sawatara urang Yahudi anu darongkap ti kagupernuran Asia. Saena mah maranehna oge araya ayeuna di dieu, sina ngadakwa jisim abdi upami leres aya dakwaeunana.

²⁰ Atanapi ieu anu parantos araya di dieu sina nerangkeun, naon dosa jisim abdi anu ku maranehna kapendak numutkeun pamariksaan Mahkamah Agama Yahudi.

²¹ Mung sakieu anu ku jisim abdi disanggemkeun ka Mahkamah, Kaula pang

dijonghokkeun ka aranjeun teh pedah percaya kana pihudangeunana anu maraot."

²²Eta perkara ku Peliks ditutup heula, sanggeus anjeunna meunang pertelaan cukup ngeunaan Jalan tea, nya eta hal pangajaran Yesus. Lahiranana, "Ieu perkara rek diputus lamun Lisias geus datang ka dieu."

²³Geus kitu marentah ka perwira anu tanggung jawab perkara Paulus, supaya Paulus tetep dijaga, tapi sing longgar bae, jeung lamun aya rerencanganana anu rek ngalayad atawa kikintunan idinan bae.

²⁴Sawatara poe ti harita, Peliks sumping jeung Drusila geureuhana, urang Yahudi. Anjeunna miwarang ngadeuheuskeun Paulus tuluy ngadangukeun cariosanana hal kapercayaan ka Kristus Yesus.

²⁵Barang Paulus nyarioskeun hal kahadean, hal nahan napsu, jeung hal hukuman dina Poe Kiamat, Peliks jadi sieuneun, tuluy ngalahir, "Pek geura undur. Lamun kami aya waktu maneh disaur deui."

²⁶Dina manahna mah gupernur teh ngarep-ngarep dihaturanan duit ku Paulus malar dibebaskeun, anu matak ti harita Paulus sering diala diajak cacarios.

²⁷Dua taun ti harita, Gupernur Peliks diganti ku Porsius Festus. Ari Peliks hayang dipikasuka ku urang Yahudi, nu matak Paulus diantepkeun bae di pangberokan.

25¹ Sanggeus tilu poe ti barang sumping ka kagupernuranana, Festus angkat ti Kesarea ka Yerusalem.

² Para imam kapala jeung jalma-jalma parenting di Yerusalem daratang ka anjeunna merkarakeun Paulus,

³ jeung marenta kurniana sangkan Paulus diiangkeun ka Yerusalem. Maksud maranehna nu saenyana mah rek maehan Paulus di jalan.

⁴ Waler Festus, "Paulus ditahan di Kesarea, tur kaula rek buru-buru balik ka ditu.

⁵ Pamingpin aranjeun bae ka daritu bareng jeung kaula, pikeun ngelakkeun manehna lamun enya salah."

⁶ Festus calikna di Yerusalem teu leuwih ti sapuluh poe, tuluy mulih ka Kesarea. Teu talangke deui isukna terus muka pangadilan, Paulus dipiwarang jogo.

⁷ Sanggeus aya di pangadilan, Paulus pada ngalingkung ku urang Yahudi anu geus daratang ti Yerusalem. Paulus ku maranehna dikelakkeun tina rupa-rupa kasalahan anu bareurat, tapi maranehna teu barisaeun ngabuktikeun.

⁸ Ku Paulus diwaler kieu, "Sim kuring teu gaduh dosa boh kana Hukum Musa, boh kana Bait Allah, boh ka Prabu Rum."

⁹ Ari Festus bawaning ku hoyong kaanggo ku urang Yahudi, mariksa ka Paulus, "Daek lamun perkara maneh dipariksa di Yerusalem, diputus di ditu disaksian ku kami?"

¹⁰ Waler Paulus, "Jisim abdi ayeuna nuju aya di Mahkamah Pangadilan Prabu Rum, nya di dieu kedah diputus teh. Gamparan langkung uninga, jisim abdi teu gaduh kalepatan ka urang Yahudi.

¹¹ Saupami jisim abdi lepat, milampah anu manjing hukum pati, jisim abdi moal embung paeh. Sawangsulna upami pakelakan maranehna teu aya buktosna, moal aya nu tiasa maksa nyerenkeun jisim abdi ka maranehna. Jisim abdi nyuhunkeun apel ka Prabu."

¹² Sanggeus barempag jeung Mahkamah, Festus ngawaler ka Paulus, "Pamenta maneh apel ka Prabu diluluskeun."

¹³ Teu lila deui, Raja Agripa jeung Bernika sarumping ka Kesarea, kersana ngawilujengkeun ka Festus.

¹⁴ Sanggeus meunang sawatara poe, Festus nyarioskeun hal Paulus ka eta raja. Saurna, "Peliks ngantunan hiji sakitan di pangberokan.

¹⁵ Nalika sim kuring ka Yerusalem, eta sakitan teh dikelakkeun ku para imam kapala sareng ku para kokolot urang Yahudi, sareng disaruhunkeun supados dihukum.

¹⁶ Sanggem sim kuring, urang Rum tara mikeun jalmi sangkan dihukum, upami anu ditudingna teu acan padu hareupan sareng anu nuding, sareng teu acan dipaparin kasempetan ngabela.

¹⁷ Sadongkapna maranehna ka dieu, teu talangke deui enjingna sim kuring muka pangadilan. Saparantos sakitan dijogokeun,

¹⁸ lajeng pada ngadakwakeun. Nanging geseh tina pangira, anu ditudingkeunana teh sanes perkawis kajahatan.

¹⁹ Perkawisna mung ngeunaan sual agama maranehna sareng perkawis Yesus anu parantos maot, dupi sanggem Paulus mah hirup.

²⁰ Bawaning ku ewed mikiran eta perkawis, Paulus ku sim kuring ditanya daek henteuna upami dipariksa di Yerusalem, diputus di ditu.

²¹ Nanging sanggemna bade apel, sareng nyuhunkeun tetep ditahan di dieu memeh diputus ku Prabu."

²² Saur Agripa, "Sim kuring hoyong ngupingkeun eta jalmi." Waler Festus, "Mangga, enjing."

²³ Poe isukna Agripa jeung Bernika sarumping reujeung sagala upacara, kacida garindingna, lalebet ka gedong pangadilan diiring ku para gegeden militer jeung menak-menak kota eta. Seug Festus marentahkeun supaya Paulus dideuheuskeun.

²⁴ Ti dinya saur Festus, "Sang Raja Agripa sareng hadirin sakumna. Jisim kuring ngunjukkeun ieu jalmi, anu diperkawiskeun ku sakumna urang Yahudi di dieu sareng di Yerusalem. Sanggem maranehna ka jisim

kuring, dugi ka tinggarero, ieu jalmi teh parantos teu pantes dihirupan.

²⁵ Nanging pamendak sim kuring ieu jalmi teu pisan milampah anu manjing kana hukum pati. Malah ku margi jinisna hayangeun naek banding ka Prabu, ku jisim kuring bade dideuheuskeun.

²⁶ Mung naon anu kedah diunjukkeun ka ditu dina serat, reh teu aya perkawisna anu pasti. Ku margi kitu ayeuna diunjukkeun ka sakumna hadirin, agungna ka kersa gamparan, nun Raja Agripa! Supados saparantos dipariksa perkawisna, ku jisim kuring tiasa diunjukkeun dina serat.

²⁷ Reh ku emutan kalintang henteu saena nyanggakeun sakitan henteu kaunjukkeun perkawisna."

26 ¹Raja Agripa ngalahir ka Paulus, "Maneh diidinan nyaritakeun perkara maneh." Paulus ngacungkeun panangan, lajeng ngabela salirana; saurna,

²"Nun Raja Agripa! Jisim abdi kalintang asa bagjana, reh danget ieu kenging widi ngabela diri di payuneun Kangjeng Raja, tina saniskanten anu ditudingkeun ka jisim abdi ku urang Yahudi.

³ Utamina pang ngaraos bagja teh ku margi Kangjeng Raja leres-leres uninga kana sagala kabiasaan sareng masalah-masalah urang Yahudi. Ku margi eta sanget panuhun, mugi

Kangjeng Raja kersa sabar ngadangukeun
pihatur jisim abdi.

⁴ Urang Yahudi sadayana tarerangeun hal
hirup jisim abdi ti ngongora. Maranehna
tarerangeun, naon anu ku jisim abdi dilakonan
sapanjang hirup ti awit di kota sorangan sarta
salajengna di Yerusalem.

⁵ Ti kawitna keneh jisim abdi teh jadi
anggota hiji madhab anu kalintang kerasna
nyepeng aturan-aturan agama Yahudi, nya
eta madhab Parisi. Urang Yahudi parantos
terangeun yen lampah hirup jisim abdi teh
kitu, upami maranehna daraekeun ngaku
mah.

⁶ Jisim abdi diperkawiskeun teh ku margi
percanten kana hiji hal anu dijangjikeun ku
Allah ka karuhun.

⁷ Nya ieu pisan anu dipikahoyong ku bangsa
jisim abdi anu sadayana dua welas kaom,
dibarung ku saregep ngabarakti ka Allah siang
wengi. Nya ku margi nyepeng pangharepan
ieu pang jisim abdi dikelakkeun ku urang
Yahudi teh, nun Raja anu mulya!

⁸ Para Saderek, urang Yahudi anu ayeuna
araya di dieu, ku naon para Saderek teu tiasa
percanten yen Allah ngahirupkeun deui nu
maraot?

⁹ Jisim abdi oge tadina mah ngaraos wajib
metakeun sagala tarekah, numpes kajadian
anu dilantarankeun ku Yesus urang Nasaret.

¹⁰Sareng nya kitu pisan anu ku jisim abdi dijalankeun di Yerusalem. Jisim abdi kenging kawasa ti para imam kapala, nyeredan umat Allah ka pangberokan. Upami hukuman maranehna ditangtoskeun hukuman paeh, jisim abdi kalintang rujukna.

¹¹Jisim abdi sering nyiksa nu karitu di imah-imah ibadah, dipaksa sina malungkir tina kapercayaanana. Kabengisan jisim abdi ka nu karitu taya papadana, anu araya di nagri sanes oge diberik dikaniaya."

¹²"Dina hiji mangsa jisim abdi mios ka Damsik, ngabuntun serat kawasa sareng parentah ti para imam kapala.

¹³Wanci tengah dinten nalika di jalan, nun Kangjeng Raja, jisim abdi ngadak-ngadak ningal hiji cahaya, moncorong ngungkulan caangna panonpoe. Eta cahaya ti langit nojo ka jisim abdi sareng ka rerencangan saperjalanan,

¹⁴dugi ka sadayana tibeubeut kana taneuh. Lajeng aya soara anu ngalahir ka jisim abdi dina basa Ibrani, Saulus, Saulus! Ku naon maneh nganiaya ka Kami? Maneh nyilakakeun diri sorangan nyepak kana panyocog!

¹⁵Sanggem jisim abdi, Saha Juragan teh? Waler-Na, Kami Yesus, anu dikaniaya ku maneh tea.

¹⁶Geura cengkat, nangtung! Kami pang nembongan teh rek ngangkat maneh jadi abdi jeung saksi Kami. Kajadian poe ieu, perkara

maneh nenjo Kami, kitu deui hal-hal anu engke ku Kami ditembongkeun, ku maneh kudu dipertelakeun ka nu sejen.

¹⁷ Maneh ku Kami tangtu diaping sangkan salamet ti urang Israil, kitu deui ti bangsa sejen. Maneh ku Kami rek diutus ka maranehna.

¹⁸ Bareuntakeun panonna, tarobatkeun tina poek kana caang, tina pangawasa Iblis kana kakawasaan Allah, sina palercaya ka Kami supaya dosa-dosana bisa dihampura, jeung mareunang tempat di kalangan umat Allah."

¹⁹ "Ku margi kitu nun Raja Agripa! Eta amanat tina titingalan ti sawarga teh ku jisim abdi henteu dipungpang.

²⁰ Parentahna dilakonan, ngawitanana ka nu di Damsik sareng nu di Yerusalem, salajengna ka sakuliah Yudea sareng ka bangsa sanes. Maranehna sina garanti pikir sareng tarobat tina dosa-dosana, kedah tarobat ka Allah, sareng hirupna kedah nembongkeun yen parantos tarobat.

²¹ Eta margina abdi ditangkep ku urang Yahudi waktos keur aya di Bait Allah, bade dipaehan.

²² Nanging Allah nangtayungan ka abdi dugi ka waktos ieu, dugi ka abdi ayeuna tiasa aya di dieu ngahaturkeun panyaksi ka sadaya jalmi, ka nu handap kitu deui ka nu luhur. Anu disanggemkeun bieu ku jisim abdi teh

anu kapungkur ku Musa sareng nabi-nabi disaurkeun pasti bakal kalakon.

²³ Nya eta: Kristus Jurusalamet teh pasti kedah dikaniaya sareng kedah pangpayunna tanghi ti nu maraot, supados iasa ngembarkeun caang atanapi pisalameteun ka urang Yahudi sareng ka bangsa sanes."

²⁴ Nepi ka dinya Paulus sasauranana, Festus motong, saurna, "Maneh sasar, Paulus, lantaran luhur teuing elmu!" saurna tarik.

²⁵ Waler Paulus, "Jisim abdi henteu sasar, Paduka nu mulya! Pikiran jisim abdi waras. Ieu perkawis teh estu saleresna.

²⁶ Sang Raja Agripa oge uningaeun yen anu disanggemkeun ku jisim abdi teh leres. Kitu nu mawi jisim abdi wantun nyanggemkeun eta perkawis sabalakana. Jisim abdi yakin perkawis ieu sarupi ge teu aya anu teu kauninga ku anjeunna, margi kajadianana henteu kaalingan ku naon-naon.

²⁷ Nun Raja Agripa! Kumaha Kangjeng Raja percanten ka eta anu disaurkeun ku nabi-nabi? Jisim abdi yakin Kangjeng Raja tangtos percanten!"

²⁸ Saur Agripa ka Paulus, "Na bisa maneh mawa kami asup Kristen dina waktu sakeudeung kieu?"

²⁹ Waler Paulus, "Sakedap atanapi lami, paneda jisim abdi ka Allah, mugia Kangjeng Raja, kitu deui anu sanes anu ayeuna nuju

ngadarangukeun, sing jadi sapertos abdi,
kajabi ti ieu rante!"

³⁰ Geus kitu raja, gupernur, Bernika, jeung
nu lian-lianna ngaradeg,

³¹ terus kalaluar bari salasauran, "Eta jalmi
henteu milampah anu manjing kana hukum
paeh atanapi manjing panjara."

³² Raja Agripa ngalahir ka Festus, "Saleresna
eta jalmi kedah dibebaskeun upami teu apel
ka Prabu mah."

27 ¹Sanggeus diputus yen rek diliangkeun
ka Itali, Paulus jeung sawatara sakitan
sejenna diserenkeun ka hiji perwira jenengan
Yulius ti pasukan Rum, anu disebutna
"Resimen Prabu".

²Kaula sarerea diunggahkeun kana kapal ti
Adramiti anu rek mapay palabuan-palabuan
tanah Asia. Aristarkus urang Makedoni ti
Tesalonika tea milu.

³Poe isukna nepi ka Sidon. Yulius someah
pisan ka Paulus, ngidinan nepangan
sobat-sobatna supaya marekelan.

⁴Ti Sidon balayar teh malipid ka Siprus,
sabab angin mapag,

⁵tuluy ngambah laut hareupeun Kilikia jeung
Pampilia nepi ka palabuan Mira di Likia.

⁶Di dinya aya kapal anu tas ti Aleksandria
rek ka Itali, kaula sarerea dipindahkeun kana
eta kapal.

⁷Meunang sababaraha poe balayar kacida
kendorna, seuseut nepi ka kota Kenidos. Ku

sabab kapapag ku angin, kapal teh balayarna mipir-mipir pulo Kreta, nepi ka liwat Tanjung Salmone.

⁸Sanggeus eta tanjung kaliwatan reujeung susah payah, kapal nepi ka hiji tempat anu ngaranna Palabuan Sari, deukeut kota Lasea.

⁹Di dinya kapal eureun lila pisan, nepi ka liwat mangsa Poe Pertobat urang Yahudi, jadi geus mimiti usum loba bahaya ka anu balayar. Ku sabab kitu Paulus mepelingan ka sarerea, saurna,

¹⁰"Dulur-dulur! Lamun urang neruskeun balayar ayeuna, ku paningal sim kuring gede pisan bahan, matak rugi kapal, rugi barang, rugi nyawa."

¹¹Tapi perwirana anggur ngagugu ka jurumudi jeung nangkoda ti batan ka Paulus.

¹²Ongkoh eta palabuan teh henteu hade dipake eureun dina musim tiris. Nu matak ceuk pirempug nu loba mending maju deui, sugar bisa nepi ka Penik ngarah eureun di ditu sapanjang musim tiris. Penik hiji palabuan di pulo Kreta, pernahna nyanghareup ka beulah kidul-kulon jeung ka kaler-kulon.

¹³Pareng angin leutik ngahiliwir ti kidul, disangka bakal piluluseun pikeun neruskeun balayar. Seug tarik jangkar tuluy maju, balayarna malipid basisir pulo Kreta.

¹⁴Tapi teu kungsi lila datang angin gede, anu disebut "Topan Eroklidon", ngagelebug ti darat, ti kaler-wetan.

¹⁵Kapal geus taya petana bisa ngalawan angin, tungtungna diantep nurutkeun angin.

¹⁶Seug kapalidkeun ka kiduleun hiji pulo leutik, pulo Kauda, sarta rada kahalangan tina angin. Kitu ge hese pisan nyalametkeun sakoci kapal.

¹⁷Sanggeus sakoci ditaekkeun, kapal tuluy dibakutet ku tambang sakurilingna. Ku sabab salempang sieun kapal kandas kana dasar keusik Sirtis anu deet, layar digulung, kapal diantep sina sakaparan-paran.

¹⁸Topan ngamuk terus. Poe isukna muatan kapal sawareh dipiceunan ka laut.

¹⁹Poe isukna deui parabot-parabot kapal oge kapaksa dipiceunan ka laut.

²⁰Geus sababaraha poe panonpoe teu tempong-tempong, sumawonna bentang-bentang, ari topan ngagelebug keneh bae. Tungtungna sarerea geus teu ngarepkeun salamet.

²¹Jalma-jalma geus lila henteu dalahar. Ti dinya Paulus ngadeg di hareupeun maranehna tuluy ngalahir, "Lamun dulur-dulur kamari ieu narurut mah kana pamanggih kaula ulah waka ninggalkeun pulo Kreta, moal nyorang balahi kieu, jeung moal rugi kawas ayeuna.

²²Tapi najan kaayaan siga kieu oge ulah Ialeutik hate, saurang ge moal aya anu tiwas, ngan kapal moal katulungan.

²³Sabab tadi peuting kaula kasumpingan ku malaikat, piwarangan Allah anu ku kaula

disembah jeung anu kagungan jiwa raga
kaula.

²⁴ Dawuhanana, Ulah salempang, Paulus!
Maneh pasti bakal ngadeuheus ka Prabu.
Malah babaturan maneh sakapal oge bakal
saralamet ku karana sih piwelas Allah.

²⁵ Ku sabab eta sing tarabah! Kaula estu
percaya ka Allah, anu didawuhkeuna-Na
tangtu bukti.

²⁶ Ngan urang engke bakal kandas di hiji
pulo."

²⁷ Dina peuting kaopat belas, kapal teh
kadorong ku angin ka Laut Adria. Kira-kira
tengah peuting ku urang kapal karasa yen
keur nyampeurkeun daratan.

²⁸ Tuluy nyemplungkeun batu pangjugjug,
katangen jerona laut opat puluh meter. Maju
deui saeutik, dijugjukan deui, jerona tinggal
tilu puluh meter.

²⁹ Urang kapal salempang sieun kapal
kandasna kana karang, ku sabab eta tuluy
labuh jangkar ti tukangeun kapal, bari
ngarep-ngarep geura isuk.

³⁰ Tapi kalasi-kalasi rek kalabur ti kapal,
nurunkeun sakoci pura-pura rek nurunkeun
jangkar ti hareupeun kapal.

³¹ Paulus gancang nguninga ka perwira
jeung serdadu-serdadu, saurna, "Lamun
kalasi-kalasi diantep naringgalkeun kapal,
aranjeun geus taya harepan salamet!"

³²Tambang sakoci geuwat disabet ku serdadu, sakocina ragrag ka laut.

³³Barang geus rek bray beurang, Paulus mepelingan ka sarerea supaya dadaharan. "Geus opat welas poe aranjeun henteu kararaban naon-naon balas ngarep-ngarep salamet.

³⁴Geura dadaharan supaya tetep harirup. Aranjeun kabeh bakal saralamet, moal kungsi murag buuk-buuk acan."

³⁵Kitu saurna bari nyandak roti jeung muji sukur kasaksian ku sarerea, geus kitu nyontoan tuang.

³⁶Geus dicontoan mah sarerea teteg hatena tuluy dadaharan.

³⁷Pangeusi kapal kabehna aya dua ratus tujuh puluh genep urang.

³⁸Sanggeus kabeh cukup dadaharan, muatan gandum kabeh dipiceun ka laut supaya kapal hampang.

³⁹Bray beurang, breh tempong basisir jeung aya telukna, duka daratan pulo naon, urang kapal teu nyarahoeun. Lamun bisa kapal rek dibawa ka dinya.

⁴⁰Tali jangkar ditilas, jangkar-jangkarna diantep ka dasar laut. Tali kamudi diudar, layar hareup dibeberkeun sangkan kapal katebak angin ka basisir.

⁴¹Tapi sabot kitu kapal teh ujug-ujug ngageduk teu bisa laju, beulah hareupna nyeblok kana dasar laut anu munjul,

pageuh henteu obah-obah, beulah tukangna diteumbrag ku ombak anu kacida gedena nepi ka amburadul.

⁴² Sakitan-sakitan ku serdadu-serdadu rek diparaahan, bisi ngarojay ka darat terus kalabur.

⁴³ Tapi opsirna ku sabab hayangeun nyalametkeun Paulus, ngalahangan kana karep serdadu-serdaduna. Malah tuluy marentah supaya anu barisa ngojay kudu ti heula ngarajleng ka laut muru ka darat,

⁴⁴ anu salian ti eta kudu tarumpak papan-papan atawa bebejadan kapal. Gancangna sarerea geus saralamet nepi ka darat.

28¹ Sanggeus sarerea saralamet nepi ka darat, mareunang beja yen eta teh pulo Malta.

² Pribumina balageur, ngaraku ka imahna jeung mangnyieunkeun durukan pikeun saliduru, kawantu hujan jeung tiris.

³ Ari Paulus mulungan suluh tuluy diasupkeun kana durukan. Teu kanyahoan, ujug-ujug aya oray matih pisan bijil tina suluh, tayohna lantaran kapanasan, tuluy meulit kana panangan Paulus.

⁴ Narenjo oray ngambay dina panangan Paulus, pribumi ngaromong jeung babaturanana, "Eta jelema tangtu boga dosa maehan, luput ti laut tuluy dibales pati ku Dewi Kaadilan."

⁵Oray ku Paulus dikepretkeun kana seuneu, anjeunna mah teu sakara-kara.

⁶Disarangkana pananganana moal teu terus bareuh, atawa anjeunna ngadadak rubuh tuluy pupus. Sanggeus lila anjeunna teu kieu-kieu, panyangkana rarobah, magar teh, "Anjeunna tangtu dewa!"

⁷Teu jauh ti dinya aya tanah kagunganana Publius, gegeden pulo eta. Anjeunna kacida someahna, kaula sarerea diangken di bumina nepi ka tilu poe.

⁸Ari ramana keur teu damang, nyenyepen jeung disentri, ebog bae di pajuaran. Ku Paulus ditingali, dipangnedakeun jeung ditumpangan panangan, didamangkeun.

⁹Tungtungna anu garering di eta pulo dibarawa ka Paulus, kabeh dicalageurkeun.

¹⁰Maranehna marulang tarima, malah waktu kaula sarerea rek balayar deui kabeh marere bekel.

¹¹Nyiruruk di eta pulo teh meunang tilu bulan, ti dinya balayar deui, numpang kana kapal anu ti Aleksandria, anu tas milu nyiruruk di eta pulo sajero usum tiris. Ngaran eta kapal "Dewa Kembar", make lambang Dewa Kastor jeung Dewa Poluk.

¹²Sanggeus nepi ka Sirakusa, kapal eureun heula tilu poe.

¹³Ti dinya maju deui mipir-mipir basisir nepi ka kota Regium. Poe isukna kabeneran aya

angin ti kidul, di jero dua poe ge geus nepi ka kota Puteoli.

¹⁴Di Puteoli aya sawatara dulur sakapercayaan. Kaula sarerea dicandet eureun heula di maranehna wates saminggu mah. Ahirna nepi oge ka Rum.

¹⁵Dulur-dulur sakapercayaan di Rum geus mareunang beja, tuluy marapagkeun nepi ka Pasar Apius jeung Losmen Tilu. Paulus muji sukur ka Allah, manahna senang dumeh iasa pendak jeung maranehna.

¹⁶Di Rum Paulus diwidian bumen-bumen ku anjeun, direncangan ku hiji serdadu jaga.

¹⁷Sanggeus meunang tilu poe, Paulus ngahaturanan pamingpin-pamingpin bangsa Yahudi di dinya supaya caralik ka anjeunna. Sanggeus karumpul anjeunna sasauran, "Saderek-saderek bangsa Israil! Kaula teh boh ka bangsa boh kana adat istiadat karuhun teu gaduh dosa naon-naon. Nanging di Yerusalem kaula teh dipanjara, diserenkeun ka urang Rum.

¹⁸Ku urang Rum dipariksa, ti dinya bade dibebaskeun, lantaran beresih tina dosa anu manjing hukum paeh.

¹⁹Orokaya urang Yahudi ngaralawan, dugi ka kaula kapaksa kudu apel ka Prabu. Nanging kitu sotek sanes bade ngadakwakeun bangsa sorangan.

²⁰Tah kitu margina nu mawi dihaturanan ka darieu teh, bade dihaturanan keterangan

yen sim kuring pang dugi ka dirante kieu
teh lantaranana mah tina hal anu jadi
pangarep-arep urang Israil tea."

²¹ Walon maranehna, "Perkawis saderek kitu,
ti Yudea teu aya serat-seratna acan. Nu ti ditu
teu aya nu ka dieu, teu aya anu ngabantun
wartos perkawis kajahatan saderek.

²² Nanging kaula harayang terang kana
pangraos saderek, reh eta madhab anu
dianut ku saderek teh sakaterang mah di
mana-mana mung pada ngalawan bae."

²³ Geus kitu maranehna jeung Paulus
nangtukeun hiji poe pikeun tepungan.
Sanggeus nepi kana waktuna, nu daratang ka
tempat Paulus kacida lobana. Ti dinya Paulus
mertelakeun hal amanat Karajaan Allah, ti
isuk nepi ka burit, sateka-teka ngayakinkeun
ka maranehna hal Yesus, nyutat tina Kitab
Musa jeung kasauran para nabi.

²⁴ Aya anu palercayaeun ka anu
dipertelakeun ku anjeunna, aya nu
henteu.

²⁵ Nepi ka bubarana maranehna tetep teu
bisa sapaham. Memeh budal, Paulus ngahir
kieu, "Tetela, pangandika Roh Suci anu ku
Nabi Yesaya didongkapkeun ka karuhun
aranjeun teh teu aya mencogna!

²⁶ Margi kieu pangandikana ge, Eta bangsa
tepungan, tuduhan: Maraneh ari ngadenge
teu weleh-weleh, tapi teu datang ka ngarti,

panon molotot teu petot-petot, tapi teu datang ka nenjo.

²⁷ Perasaan ieu bangsa geus mintul, nepi ka nyarocokan ceuli jeung meureum-meureumkeun panon. Sabab lamun teu karitu ge tangtu panonna bakal narenjo, ceulina bakal ngadarenge, pikirna bakal ngalarti, nepi ka daraek baralik ka Kami, dawuhan Allah, tangtu ku Kami dicalageurkeun."

²⁸ Paulus mungkas pilahirna, "Ku margi kitu muga aruninga, warta ti Allah perkawis kasalametan ti Allah teh ayeuna parantos diuarkeun ka luareun bangsa Yahudi. Maranehna mah bakal narurut!"

²⁹ [Sanggeus Paulus ngalahir kitu maranehna budal bari silih bantah.]

³⁰ Paulus calikna di Rum meunang dua taun, di bumi sewaan. Anjeunna senang nampi anu daratang nepangan.

³¹ Kabeh diwurukan hal Karajaan Allah jeung hal Gusti Yesus Kristus. Sasauranana teu risi-risi sarta lugina.

Roma

1 ¹ Surat sim kuring Paulus, abdina Yesus Kristus, anu ku Allah geus disaur sarta dijadikeun rasul, pikeun nguarkeun Injil Kasalametan ti Mantenna.

² Eta Injil teh geus dijangjikeun ku Allah ti baheula keneh ku jalan nabi-nabi-Na, sakumaha anu kaungel dina Kitab Suci.

³ Eusina ngeunaan Putra-Na, Gusti urang Yesus Kristus, turunan Daud dina kaayaan kamanusaana-Na mah,

⁴ tapi sacara rohani Anjeunna teh Putra Allah. Hal ieu dibuktikeunana teh ku hiji kakawasaan anu luar biasa, Anjeunna digugahkeun tina maot.

⁵ Nya ku jalan Anjeunna sim kuring ku Allah dipaparin kurnia jadi rasul teh, supaya sim kuring demi Kristus ngajak jelema-jelema sagala bangsa sangkan palercayaeun sarta aranut.

⁶ Nya kitu keneh ka aranjeun oge, anu maratuh di Rum sarta geus disalaur ku Allah sangkan jaradi umat Yesus Kristus.

⁷ Ieu sababna pang sim kuring nyuratan ka aranjeun anu maratuh di Rum, anu dipikaasih sarta geus disalaur supaya jaradi umat-Na. Mugi-mugi Allah Rama urang, jeung Gusti Yesus Kristus, maparin nugraha ka aranjeun.

⁸Kahiji, sim kuring muji sukur ka Allah demii Yesus Kristus ku hal aranjeun, dumeh kapercayaan aranjeun geus kautara ka sakuliah dunya.

⁹Allah anu ku sim kuring diabdiyan kalawan satuhu ku jalan nguarkeun Injil Kasalametan ngeunaan Putra-Na, uninga sarta Mantenna saksi-Na yen sim kuring teu weleh inget ka aranjeun

¹⁰dina saban-saban neneda. Sim kuring nyuhunkeun supaya Allah ngawidian sim kuring manggihan aranjeun ayeuna-ayeuna.

¹¹Kacida hayangna papanggih jeung aranjeun teh, hayang ngaduum kurnia ti Roh Allah, pikeun nguatkeun kapercayaan aranjeun.

¹²Nu dipalar nya eta sangkan urang anu geus sakapercayaan bisa silih kuatkeun.

¹³Mugia dulur-dulur tarerang, geus sababaraha kali sim kuring arek manggihan teh, tapi aya-aya bae halanganana. Kahayang mah pagawean sim kuring di aranjeun oge sing aya hasilna cara anu geus kasorang di tempat sejen di antara jelema-jelema anu lain Yahudi.

¹⁴Sabab ieu teh jadi kawajiban sim kuring anu kudu dilampahkeun ka sakumna jelema, boh nu geus adab boh nu acan, boh nu pinter boh nu bodo keneh.

¹⁵ Nya kitu ka aranjeun oge anu maratuh di Rum, kacida hayangna nguarkeun eta Injil Kasalametan.

¹⁶ Sim kuring mah percaya pisan kana eta Injil Kasalametan teh, sabab eta teh kakawasaan Allah pikeun nyalametkeun sakur jelema anu percaya, pangheulana ka urang Yahudi, terus ka bangsa-bangsa sejenna.

¹⁷ Sabab, Injil Kasalametan teh ngebrehkeun jalan, kumaha kuduna sangkan manusa bisa diangken bener deui ku Allah, nya eta ku jalan kudu percaya ka Allah ti awal nepi ka ahir. Sakumaha ungel Kitab Suci, "Jelema anu geus diangken deui ku Allah lantaran percaya ka Allah, tinangtu hirup."

¹⁸ Allah ti sawarga nembungkeun bendu-Na kana sakabeh dosa jeung kajahatan manusa, sabab kajahatanana teh ngahalangan maranehna pikeun nyaho ka nu bener.

¹⁹ Allah ngahukum maranehna, sabab naon-naon anu maranehna kudu nyaho tina hal Allah, ku Allah ku manten geus diterangkeun tetela pisan ka maranehna.

²⁰ Ti barang Allah ngajadikeun alam dunya oge kaayaan Allah anu gaib, nya eta kakawasaana-Na anu langgeng jeung sipat Allahna, geus atra tetela ka manusa dina saniskara hasil ciptaana-Na. Ku hal eta manusa teh geus moal bisa nyebut can nyaho.

²¹ Maranehna nyarahoeun ka Allah, tapi ka Mantenna henteu ngahormat sakumaha ka Allah, jeung tara nganuhunkeun ka Mantenna. Malah sabalikna, anu dipalikiranana teh perkara anu tanpa guna, pikiranana anu kosong jadi poek.

²² Pangrasana mah dirina teh bijaksana, padahal barodo,

²³ ti batan nyembah ka Allah anu langgeng, anggur nyarembah ka arca-arca titiron jelema anu keuna ku paeh, atawa manuk-manuk, atawa sasatoan suku opat atawa anu ngarayap.

²⁴ Ku sabab kitu maranehanana ku Allah diantep nurutkeun hawa napsuna, ngalampahkeun hal-hal anu rujit, sarta jeung pada batura migawe anu matak hina ka dirina.

²⁵ Hal Allah anu sayaktina diganti ku hal anu bohong; nyarembah jeung ngabaraktina teh kana ciptaan Allah, lain ka Allah ku manten anu nyiptakeunana, anu layak dipuji salalanggengna. Amin!

²⁶ Ku sabab kalakuanana karitu, ku Allah jadi diantep ngalajur napsuna anu hina. Nu awewe nyacapkeun napsu birahina lain ku cara anu lumrah.

²⁷ Nu lalaki saruana, sapatemon jeung papada lalaki deui, lain jeung awewe. Jelema-jelema nyieun kalakuan anu ngerakeun jeung papada batur sajinis, nepi ka maranehanana

kudu nandangan balukarna tina kalakuan sorangan.

²⁸Ku sabab maranehanana ngarasa teu perlu nyaho kana hal Allah, pipikiranana ku Allah diantep sina ruksak, nepi ka marigawe kalakuan anu kuduna dicegah.

²⁹Hatena pinuh ku napsu-napsu jahat, doraka, sarakah, licik, pinuh ku kasirik, ku napsu hayang maehan, ku napsu gelut, ku tipu daya, jeung ku napsu ngunek-ngunek, silih gorengkeun,

³⁰silih omongkeun, ijid ka Allah, kurang ajar, adigung, gede omong; pinter kana kagorengan, basangkal ka indung bapa;

³¹ka batur embung ngarti, lanca-linci kana jangji, ka batur taya karunya.

³²Maranehanana nyarahoeun yen ceuk hukum Allah anu kalakuanana kitu teh maot bagianana. Tapi salian ti angger kalakuanana teh, malah bari panuju ka anu kalakuanana cara maranehanana.

2¹Ari dulur-dulur osok nyalahkeun kalakuan batur? Inget, bisi aranjeun teu bisa hojah. Sabab lamun ka batur nyalahkeun tapi kalakuan sorangan saruana, eta sarua jeung nyalahkeun ka diri sorangan.

²Urang terang, lamun Allah ngahukum ka jelema anu kalakuanana kitu, ngahukumna teh kalawan bener, adil.

³Tapi aranjeun mah, dulur-dulur, ka batur nyalahkeun, ari pek kalakuan sorangan ge

saruana! Ceuk pangira aranjeun naha bisa
aranjeun luput tina hukuman Allah?

⁴ Atawa sugaran aranjeun ngamumurah
kasaean manah-Na, sipat hampura-Na, jeung
kasabarana-Na? Puguh, aranjeun terang yen
Allah teh sae manah, da geuning kersaeun
ngageuing sangkan aranjeun tarobat.

⁵ Tapi aranjeun hareuras hate, barasangkal.
Ku sabab kitu nya aranjeun keneh anu
nambah beuratna hukuman sorangan dina
Poean Allah nganyatakeun wera jeung
nerapkeun hukum adil.

⁶ Sabab Allah bakal ngabales ka saban
jelema saimbang jeung kalakuanana.

⁷ Jelema anu temen wekel dina kahadean
malar bisa mulya, kaajen sarta hirup abadi,
ku Allah bakal diganjar hirup langgeng.

⁸ Anu sarakah jeung embung narima anu
bener da resep ngalakonan anu salah, bakal
narima angetna bebendon Allah.

⁹ Nu resep migawe kajahatan bakal
nandangan kanyeri jeung sangsara,
pangheulana urang Yahudi, tuluy bangsa
sejenna.

¹⁰ Ari ka anu hade lampah, boh ka urang
Yahudi, boh ka bangsa jejenna, Allah bakal
ngaganjar kamulyaan, kahormatan jeung
kanugrahaan.

¹¹ Unggal jelema ge dasar hukumna ku Allah
disaruakeun.

¹² Nu lain bangsa Yahudi henteu barogaeun Hukum Musa, hukuman dosana di luareun eta. Urang Yahudi barogaeun Hukum Musa, hukuman dosana saluyu jeung eta.

¹³ Sabab jelema anu dibenerkeun ku Allah teh lain ku sabab nyaho kana eta Hukum, tapi ku sabab ngalakonan sakur anu diparentahkeun ku Hukum tea.

¹⁴ Nu lain urang Yahudi henteu barogaeun Hukum Musa, tapi lamun ku pangajak panalarna ngalakonan anu diparentahkeun ku eta hukum, nu jadi hukumna teh sakumaha panalar hatena tea, sanajan maranehanana henteu barogaeun Hukum Musa.

¹⁵ Tina kalakuanana bisa tempong yen sakur anu diparentahkeun ku eta hukum teh katulis di jero hatena. Sora hatena oge netelakeun kitu, sabab maranehanana sakapeung sok dibenerkeun, sakapeung sok disalahkeun ku pikiranana.

¹⁶ Nurutkeun Injil Kasalametan anu ku sim kuring diwawarkeun, nya kitu pijadieunana engke teh, dina Poe Hukuman. Poe eta Allah ku jalan Yesus Kristus bakal nerapkeun hukum adil kana sagala hal anu aya di jero hate manusa.

¹⁷ Kumaha ari aranjeun? Aranjeun ngakukeun urang Yahudi; aranjeun gumantung kana Hukum Musa, aragul baroga Allah;

¹⁸baroga pituduh, jadi tarerang kana pangersa Allah, geus mareunang pangajaran tina Hukum Musa, tarerang kumaha ari nu bener;

¹⁹ngarasa jadi panungtun pikeun nu lolong, jadi cahaya pikeun nu araya di nu poek,

²⁰jadi purah ngajar anu barodo, jadi guruna jelema-jelema anu barelet. Geus sarugema pedah ngarasa geus barisa metik kanyaho jeung perkara-perkara anu bener tina Hukum Musa.

²¹Aranjeun ngajar ka batur, tapi ku naon henteu ngajar ka diri sorangan? Aranjeun ngawurukan "Ulah maling" ari aranjeun sok maling, tara?

²²Ngawurukan "Ulah jinah" ari aranjeun sok jinah, tara? Aranjeun mikageuleuh ka brahala tapi osok ngarampogan imah brahala, tara?

²³Aranjeun aragul baroga Hukum Allah tapi sok ngerakeun Allah atawa tara, ku jalan ngarempak hukum-Na?

²⁴Dina Kitab Suci kaungel, "Gara-gara maraneh, urang Yahudi, bangsa-bangsa sejen jadi ngagogoreng Allah."

²⁵Lamun aranjeun tigin kana Hukum Musa, sunat aranjeun aya paedahna; sabalikna lamun henteu tigin, sarua bae jeung henteu disunat.

²⁶Lamun anu lain urang Yahudi, anu henteu disunat anut kana Hukum Musa, naha ku Allah moal disaruakeun jeung anu disunat?

²⁷ Aranjeun urang Yahudi tangtu bakal disalahkeun ku jelema-jelema anu henteu disunat tapi narurut kana Hukum Musa, lantaran aranjeun mah boga Hukum Musa jeung disarunat oge ari lampah mah ngalanggar aturan eta hukum.

²⁸ Cik saha anu disebut urang Yahudi sajati, anu disunat ku sunat sajati? Urang Yahudi sajati mah lain sakadar ngaranna bae Yahudi; sunat sajati lain sakadar sunat lahirna.

²⁹ Yahudi sajati mah nya eta anu Yahudi jiwana, sunat sajati nya eta sunat hate, disunatna ku Roh Allah, lain ku aturan anu aya dina Hukum Musa. Jelema anu disunat hatena meunang pujian ti Allah, lain ti papada jelema.

3 ¹Jadi naon leuwihna urang Yahudi ti anu sejen? Atawa ari sunat aya paedahna?

²Puguh bae aya, Ioba! Pangpangna kapan urang Yahudi teh ku Allah dititipan pangandika-Na.

³Tapi upama sabagian maranehanana henteu tigin, naha Allah oge bakal kitu?

⁴Moal! Najan kabeh jelema bohong, Allah mah tetep tigin. Ceuk Kitab Suci, "Samangsa maneh ngomong, kudu saenya-enyana, sangkan meunang samangsa maneh diuji."

⁵Tapi upama kalakuan urang anu goreng teh malah matak leuwih netelakeun kaadilan Allah, kumaha? Naha bisa ceuk urang, atuh ari kitu mah teu adil Allah ngahukum

kagorengan urang teh? (Pananya kieu di manusa mah lumrah.)

⁶Lain teu adil! Ari teu adil mah iasa kumaha Mantenna nerapkeun kaadilan ka ieu dunya?

⁷Tapi upama sim kuring teu bener, tapi matak leuwih nganyatakeun agungna kaadilan Allah, naha eta dosa sim kuring teh tetep bakal disalahkeun?

⁸Ku naon teu ngomong kieu, "Hayu urang goreng kalakuan ngarah bijil anu hade." Memang aya jelema-jelema anu ngagorengkeun sim kuring, majarkeun sim kuring memang kungsi ngomong kitu. Eta jelema-jelema pantes lamun dihukum.

⁹Anu matak, urang jadi urang Yahudi teh naon leuwihna ti anu sejen? Taya leuwihna naon-naon. Ku sim kuring geus disebutkeun yen boh urang Yahudi boh nu lain, kabeh oge sarua papada dikungkung ku dosa.

¹⁰Sakumaha ungel Kitab Suci, "Saurang ge taya nu bener,

¹¹saurang ge taya nu bijaksana, taya pisan nu nyembah ka Allah.

¹²Kabeh geus jarauh ti Allah, kabeh geus salasar; taya nu hade lampahna, teu saurang-urang acan!

¹³Omonganana pinuh ku tipu daya ngandung bahla, nu luncat tina letahna bohong jeung jahat, biwirna murakeun pibahlaeun lir peurah oray.

¹⁴Omonganana wungkul nyumpahan.

¹⁵Gampang teuteunggeul, gampang maehan.

¹⁶Ka mana bae inditna ngan nimbulkeun karuksakan.

¹⁷Geus teu nyarahoeun kana jalan karahayuan,

¹⁸jeung teu dialajar hormat ka Allah."

¹⁹Ayeuna geus tetela, yen sakur anu dituliskeun dina Hukum Musa teh pikeun jelema-jelema anu kabawah ku hukum eta. Jadi moal aya jelema anu bisa ekol, saalam dunya pasti dijagragkeun ka pangadilan Allah.

²⁰Sabab di payuneun Allah mah saurang oge moal aya anu dibenerkeun dumeh geus nedunan Hukum Agama. Sabab eta mah maksudna keur mere terang yen manusa teh geus dosa.

²¹Tapi ayeuna mah Allah geus maparin pituduh, kumaha jalanna supaya manusa bisa diangken bener deui ku Mantenna. Ari jalanna teu aya patalina jeung Hukum Agama. Hukum Musa kitu deui nabi-nabi netelakeun kitu.

²²Allah kersa ngangken manusa bener deui teh lamun manusa anut ka Yesus Kristus. Allah kersaeun kitu teh pikeun sakabeh anu percaya ka Kristus, lantaran manusa mah teu aya bedana;

²³kabeh geus dosa, jarauh ti Allah anu iasa nyalametkeun.

²⁴Jadi pang manusa bisa diangken bener deui ku Allah teh estu ngan ku karana rahmat

Mantenna, ku jalan manusa teh dibebaskeun heula ku Kristus.

²⁵ Yesus ku Allah didamel kurban, supaya ku karana pupus-Na, manusa bisa dinyatakeun bebas tina dosa jeung dihampura, asal percaya ka Anjeunna. Ku jalan kieu Allah teh kersa-Na rek mintonkeun sipat adil-Na. Di jaman-jaman anu geus kaliwat, dosa manusa teh ku Allah disabaran bae henteu dihukum.

²⁶ Tapi ayeuna dosa teh ku Mantenna dibalitungkeun, pikeun netelakeun yen Mantenna adil. Ku jalan kieu Mantenna netelakeun yen Mantenna sipat bener, sarta kersa ngangken bener deui ka sing saha anu percaya ka Yesus.

²⁷ Jadi urang rek bisa agul kumaha, da taya agulkeuneunana! Naha? Pedah nurut kana Hukum Agama? Lain pedah kitu, tapi ku lantaran urang percaya.

²⁸ Jadi kieu: Jelema bisa diangken bener deui ku Allah teh ngan ku jalan percaya, lain ku karana nekanan Hukum Musa.

²⁹ Naha Allah teh ngan pikeun urang Yahudi bae? Lain Allah teh Allahna bangsa-bangsa sejen oge? Puguh bae!

³⁰ Sabab Allah teh ngan hiji. Urang Yahudi ku Mantenna diangken bener deui teh ku karana kapercayaanana. Sarua kitu keneh bangsa-bangsa sejen oge.

³¹ Naha ku lantaran urang percaya teh hartina miceun Hukum Musa? Henteu,

henteu! Sabalikna malah ngajungjung Hukum Musa.

4 ¹Kumaha ayeuna anggapan urang ngeunaan Ibrahim? Naon anu kaalaman ku anjeunna?

²Upama anjeunna kamanah ku Allah ku sabab lampahna nu hade, pantes mun anjeunna agul. Tapi anjeunna di payuneun Allah henteu agul.

³Kitab Suci nyebutkeun, "Ibrahim percaya ka Allah, sarta ku karana kapercayaanana anjeunna ku Allah diangken jelema bener."

⁴Jelema anu digawe meunang upah, eta upahna teh lain hadiah, tapi hakna.

⁵Tapi supaya jelema bisa diangken ku Allah mah lain gumantung kumaha gawe lampahna; gumantungna teh kana rasa percayana ka Allah, anu geus nganyatakeun yen jelema bisa diangken bener sarta dibebaskeun tina kasalahanana, lamun percaya ka Mantenna.

⁶Kitu pamendak Daud oge basa anjeunna nyaurkeun bagjana jelema anu geus diangken bener ku Allah sarta kasalahanana henteu diemut-emut deui. Kieu saurna,

⁷"Bagja jelema anu geus dihampura kasalahanana, anu geus dileungitkeun dosa-dosana.

⁸Bagja jelema anu dosa-dosana ku Allah henteu dibalitungkeun!"

⁹Naha eta kabagjaan anu disaurkeun ku Daud teh ngan pikeun jelema-jelema anu disunat bae? Henteu. Pikeun anu teu disunat oge kitu. Sim kuring nyutat ungel Kitab Suci anu kieu, "Ibrahim percaya ka Allah, sarta ku karana kapercayaanana ku Allah diangken jelema bener."

¹⁰Iraha hal eta kajadianana? Naha sanggeusna Ibrahim disunat atawa samemehna? Kapan samemehna, lain sanggeusna.

¹¹Disunatna ti harita lila deui, sarta sunatna ngan pikeun jadi tanda yen anjeunna ti samemeh disunat oge ku Allah geus diangken bener lantaran percaya. Ku sabab kitu sacara rohani mah Ibrahim jadi bapa jelema-jelema anu teu disunat tapi diangken bener ku Allah lantaran percaya.

¹²Anjeunna jadi bapa jelema-jelema anu disunat ongkoh, nya eta jelema-jelema anu kajaba ti disunat teh bari jeung percaya ka Allah, sakumaha lampah hirupna Ibrahim bapa urang samemeh disunat.

¹³Allah jangji ka Ibrahim, yen ieu dunya bakal dimilikkeun ka anjeunna jeung ka turunanana. Mantenna maparin jangji kitu teh lain ku sabab Ibrahim ngalakonan Hukum Agama Yahudi, tapi ku sabab diangken bener lantaran percaya ka Mantenna.

¹⁴Sabab lamun jangji Allah ngan pikeun anu ngajarylankéun Hukum Agama Yahudi bae

mah atuh taya paedahna percaya ka Allah teh, sarta jangji Allah tea oge kosong!

¹⁵Hukum Agama Yahudi teh jadi lantaran Allah bendu. Tapi moal aya palanggaran lamun papagonna teu aya.

¹⁶Jadi Allah maparin jangji teh ku sabab Ibrahim percaya ka Mantenna. Eta jangji teh nanggung yen anu dijangjikeunana pasti dilaksanakeun, nya eta kurnia pikeun sakabeh turunan Ibrahim. Lain pikeun anu tuhu kana Hukum Agama Yahudi bae, tapi oge pikeun anu percaya ka Allah sakumaha Ibrahim oge percaya ka Allah. Sabab Ibrahim teh bapa rohani urang sarerea.

¹⁷Sakumaha anu kaungel dina Kitab Suci, "Maneh ku Kami geus dijadikeun bapa pirang-pirang bangsa." Kitu jangji Allah ka Ibrahim, anu percaya yen Allah iasa ngahirupkeun nu geus maot, anu pangandika-Na iasa ngajadikeun nu can aya jadi aya.

¹⁸Ibrahim percaya sarta teu weleh ngarep-ngarep, sanajan kawas geus taya pangharepan deui. Nya ku sabab kitu anjeunna teh jadi "bapa pirang-pirang bangsa". Sakumaha anu kaungel dina Kitab Suci, "Turunan maneh bakal loba saperti bentang di langit."

¹⁹Harita, sanajan anjeunna geus kacida sepuhna, yuswana geus meh saratus taun, tanagana oge geus suda, turug-turug Sarah

geureuhana gabug, kapercayaanana kana eta jangji henteu ngurangan.

²⁰ Percayana kana eta jangji Allah henteu galideur, henteu ngaraos hamham, angur tambah pengkuh, nepi ka muji sukur ka Allah.

²¹ Ibrahim kacida yakinna yen Allah kawasa ngalaksanakeun jangji-Na.

²² Nya ku eta kapercayaanana pang anjeunna "diangken jelema bener ku Allah" teh.

²³ Eta kecap-kecap "diangken jelema bener" dituliskeunana lain ngan pikeun Ibrahim bae,

²⁴ tapi pikeun urang oge. Sabab urang oge, anu percaya ka Mantenna anu ngagugahkeun Kristus Gusti urang tina maot, bakal diangken jelema bener.

²⁵ Ku karana dosa urang, Yesus diserenkeun sina ditelasan, ti dinya dihirupkeun deui ku Allah, supaya ku jalan kitu urang bisa diangken jelema bener ku Allah.

5 ¹ Sanggeus urang diangken bener deui ku Allah ku jalan percaya, urang teh ku Allah dirapihan deui ku jalan Yesus Gusti urang.

² Ku jalan Anjeunna, hirup urang anu percaya dibawa ka jero sih kurnia Allah, senang hate lantaran boga pangharepan bakal dipaparin kabagjaan ku Allah.

³ Hirup sangsara oge hate tetep senang, dumeh terang yen eta kasangsaraan teh bisa ngalantaraneun urang jadi sabar,

⁴sarta eta kasabaran ngajadikeun urang tahan uji, ari anu tahan uji boga pangharepan.

⁵Eta pangharepan moal matak kaduhung, sabab hate urang geus dieusian ku rasa asih Allah, nya eta Roh Suci, kurnia Allah ka urang.

⁶Sajeroning urang keur teu bisa walakaya keneh, dina waktu anu geus ditangtukeun ku Allah, Yesus pupus jadi gaganti urang, jelema anu doraka.

⁷Jelema mah beurat kudu maot pikeun nu adil oge, kajaba sugaran pikeun jelema anu kacida hadena.

⁸Tapi Allah mah geus nembongkeun asih-Na ka urang. Kristus pupus ngaganti urang sajeroning urang keur hirup keneh dina dosa.

⁹Ku pupusna Kristus, urang bisa diangken bener deui ku Allah, malah-malah ku Anjeunna bakal diluputkeun tina bebendu Allah.

¹⁰Lamun urang sajeroning keur musuh keneh jeung Allah ku Mantenna geus dirapihan ku jalan pupusna Kristus Putra-Na, komo ayeuna sanggeus diangken deui, tangtu disalametkeun ku hirupna Kristus.

¹¹Leuwih ti sakitu pikabungaheunana teh, sabab Allah geus nembongkeun kasaean manah-Na ku jalan Gusti Yesus Kristus, anu ngalantarankeun urang ayeuna dirapihkeun deui jeung Allah.

¹²Dosa asup ka dunya ku lantaran jelema saurang. Eta dosa mawa maot. Balukarna,

maot teh sumebar sarta tumerap ka sakumna manusa, sabab sakabeh manusa geus keuna ku dosa.

¹³Dosa geus aya di dunya samemeh aya Hukum Agama Yahudi diturunkeun. Harita dosa acan dibalitungkeun, lantaran can aya palanggaran hukum, sarta hukumna oge tacan aya.

¹⁴Tapi maot mah ti jaman Adam keneh nepi ka jaman Musa, geus ngawasaan sakumna manusa. Malah jelema-jelema anu henteu migawe dosa saperti dosa Adam oge anu ngalanggar parentah Allah, kabeh kapurba ku maot. Adam jadi gambar-Na hiji manusa anu bakal sumping di jaman sejen.

¹⁵Tapi sipatna mah teu sarua, sabab eta kurnia Allah teh sipatna kacida bedana ti dosa Adam. Memang, ku dosa hiji jelema, balukarna kudu maot sarerea. Tapi sabalikna kurnia Allah mah sipatna leuwih jembar, anu dipaparinkeunana ku lantaran kamulyaan manah hiji manusa, Yesus Kristus.

¹⁶Kurnia Allah mah sabalikna pisan ti dosa manusa anu saurang tea. Sanggeus eta nu saurang tea migawe dosa, seug diputus yen "Salah!" Sabalikna, sanggeus loba anu marigawe dosa malah meunang kurnia, diputus yen "Teu salah!"

¹⁷Ku lantaran dosa anu saurang, maot terus murba, balukar tina palanggaran jelema anu saurang tea. Tapi anu dilampahkeun ku

manusa anu saurang deui, nya eta Yesus Kristus, berkahna pikeun jelema loba teh leuwih jembar deui. Kabeh, sakur anu narima rahmat Allah anu taya watesna, sakur anu geus dirapihkeun deui jeung Allah, hirupna bakal murba ku karana Kristus.

¹⁸Jadi sakumaha halna dosa jelema anu saurang ngalantarankeun sakabeh jelema dihukum, nya kitu keneh ku lampah hiji manusa anu tumut kana pangersa Allah ngalantarankeun sakabeh jelema dileupaskeun tina hukum sarta mareunang hirup.

¹⁹Jeung sakumaha halna kabeh jelema keuna ku dosa ku lantaran henteu taatna jelema anu saurang, nya kitu keneh maranehanana bakal diangken bener deui ku lantaran taatna manusa anu saurang deui.

²⁰Sanggeus Hukum Agama Yahudi diturunkeun, beuki loba anu nyarieun kasalahan. Tapi beuki nemen jelema-jelema nyarieun dosa, Allah beuki tambah mikaasihna.

²¹Jadi, sakumaha urang kapurba ku maot ku lantaran dosa, nya kitu keneh urang bakal kapurba ku sih kurnia Allah, diangken bener deui, urang teh dituyun kana hirup anu langgeng ku jalan Yesus Kristus, Gusti urang.

6 ¹Ari geus kitu urang rek kumaha? Arek terus hirup dina dosa supaya sih kurnia Allah tambah-tambah?

²Tangtu bae moal kitu! Kapan urang teh geus maot tina dosa, piraku bisa keneh hirup dina dosa.

³Aranjeun ge terang, yen waktu urang dibaptis supaya ngahiji jeung Kristus Yesus, eta urang dibaptis teh supaya maot jeung Anjeunna.

⁴Jadi ku eta baptisan teh urang geus dikubur jeung Anjeunna, milu maot jeung Anjeunna, supaya sakumaha Kristus geus digugahkeun ku kakawasaan Rama anu mulya, urang oge bisa nyorang hirup anu anyar.

⁵Ku sabab urang geus ngahiji jeung Kristus sarta maot bareng jeung Anjeunna, nya kitu keneh urang bakal dihudangkeun tina maot saperti Anjeunna, bakal hirup ngahiji jeung Anjeunna.

⁶Sarta urang terang yen hirup urang anu heubeul geus paeh bareng jeung Kristus dina salib-Na, eta hirup anu pinuh ku dosa teh dilebur supaya henteu kajajah deui ku dosa.

⁷Kapan ari geus maot mah jelema teh leupas tina pangaruh dosa.

⁸Ku sabab geus maot jeung Kristus, urang percaya yen hirup oge bakal bareng jeung Kristus.

⁹Sabab urang terang Kristus geus digugahkeun tina maot, moal pupus deui, maot moal kawasa deui ka Anjeunna.

¹⁰Maot anu disorang ku Kristus teh nya eta maot tina dosa, dosa moal kawasa deui ka

Anjeunna; ayeuna Anjeunna hirup, jumeneng jeung Allah.

¹¹ Aranjeun oge nya kitu, kudu ngarasa yen diri geus maot tina dosa, tapi geus hirup deui jeung Allah ku jalan Kristus Yesus.

¹² Hirup aranjeun di ieu dunya ulah nepi ka kajajah deui ku dosa, anu temahna matak eleh ku hawa napsu sorangan.

¹³ Jeung ulah mikeun babagian diri jadi pakakasna dosa pikeun migawe kajahatan. Diri urang anu ku Allah geus dipindahkeun tina maot kana hirup teh anggur pasrahkeun ka Allah, sangkan dianggo pikeun ngalaksanakeun tujuan anu mulya.

¹⁴ Ulah ngadunungan kana dosa, sabab hirup aranjeun lain dibawah ku Hukum Agama Yahudi, tapi dibawah ku kurnia Allah.

¹⁵ Saterusna kudu kumaha? Naha meunang urang nyieun dosa deui pedah geus diereh ku sih kurnia Allah, lain diereh ku Hukum Agama deui? Ulah!

¹⁶ Urang terang, jelema anu kumawula kudu ngawula kana parentah nu dikawulaan, boh ngawula kana dosa anu temahna maot, boh ngawula ka Allah anu ngalantarankeun bisa diangken deui ku Mantenna.

¹⁷ Puji sukur ka Allah! Aranjeun anu bareto ngawula kana dosa, ayeuna geus narima sarta ngajaralankeun eusi pangajaran anu bener.

¹⁸ Aranjeun geus dileupaskeun tina dosa, geus jaradi kawula perkara nu bener.

¹⁹ (Ku sabab pangarti aranjeun kurang, nu matak sim kuring make conto nu kumawula, supaya kaharti.) Bareto aranjeun sagemblengna jaradi kawula perkara-perkara anu kotor jeung jahat. Ayeuna oge kitu kudu gembleng jadi kawula, tapi ayeuna mah jadi kawula perkara-perkara nu bener, anu tujuanana mulya.

²⁰ Keur waktu jadi kawula dosa, aranjeun henteu ngawula kana pangersa Allah.

²¹ Naon kauntungan aranjeun tina eta kalakuan, anu ayeuna mah aranjeun era lamun ngalampahkeun? Balukarna taya lian ti maot!

²² Ayeuna aranjeun geus leupas tina dosa, geus ngawula ka Allah. Kauntunganana nya eta ayeuna mah hirup aranjeun diabdi keunana ngan ka Mantenna, anu bakal mawa kana hirup anu langgeng.

²³ Upahna dosa teh maot, sabalikna ari kurnia Allah mah nya eta hirup langgeng sarta ngahiji jeung Kristus Yesus Gusti urang.

7 ¹Dulur-dulur! Aranjeun geus tarerang kana hukum. Tangtu tarerang, hukum teh kakuatanana ngan sapanjang urang keur hirup keneh.

² Contona, awewe kabeungkeutna ku hukum ka salakina teh ngan satungtung salakina hirup keneh.

³Sapanjang salakina hirup keneh, lamun eta awewe milu ka lalaki sejen, disebutna awewe serong. Kajaba lamun salakina geus maot, meunang kawin deui sarta sah, lain jinah.

⁴Tah aranjeun oge kitu, dulur-dulur! Aranjeun tina Hukum Agama Yahudi geus maraot, sabab geus ngahiji jeung salira Kristus, jadi kagungan Anjeunna anu geus digugahkeun tina maot, supaya hirup aranjeun dipake kumawula ka Allah.

⁵Waktu hirup urang nurutkeun keneh kahayang sorangan, eta kahayang-kahayang teh timbulna ku lantaran aya Hukum Agama anu mangaruhan diri urang. Ku lantaran kitu harita urang teh jadi ngawula kana maot.

⁶Tapi ayeuna mah urang geus leupas tina eta Hukum Agama Yahudi, geus maot tina eta hukum anu tadina ngawasaan. Carana urang ayeuna ngawula, henteu cara ngawula kana hukum anu ditulis tea. Ayeuna mah ngawula ku cara anu anyar, nurutkeun pituduh Roh Allah.

⁷Lamun kitu, naha ceuk urang Hukum Agama Yahudi teh jahat? Henteu, atuh! Tapi pang sim kuring terang naon ari dosa teh, nya Hukum eta lantaranana. Lamun Hukum Agama henteu nyebutkeun, "Ulah bogoh ka barang batur," sim kuring moal boga pikiran kitu.

⁸Tapi ku lantaran aya parentah kitu, dosa teh meunang jalan pikeun ngahudang napsu

kasarakahan dina hate sim kuring. Da lamun hukum teu aya mah dosa teh teu leuwih ti barang paeh.

⁹Tadina hirup sim kuring tanpa eta hukum; sanggeus aya eta hukum, dosa jadi hirup,

¹⁰sabalikna sim kuring jadi maot. Eta hukum teh maksudna pikeun ngahirupkeun, tapi keur sim kuring mah anggur maehkeun.

¹¹Nya ku eta hukum dosa teh meunang jalan pikeun nипу jeung maehkeun sim kuring.

¹²Saenyana ari Hukumna mah suci, parentahna suci, adil, hade.

¹³Naha eta kitu anu hade tea anu maehkeun sim kuring teh? Tangtu lain! Anu maehkeun sim kuring teh dosa tea. Eta anu hade teh ku dosa dipake jalan maehkeun sim kuring, supaya tempong kumaha saenyana sipat dosa. Ku ayana eta parentah-parentah Allah, tempong kumaha jahatna dosa.

¹⁴Urang terang, Hukum Agama Yahudi teh sipatna rohani, ari sim kuring, manusa anu sipat jasmani geus dijual jadi kawula dosa.

¹⁵Sim kuring jadi teu ngarti ku lampah sorangan, da anu dilampahkeun teh teu akur jeung anu dipikahayang, malah sorangan ge ijid ngalampahkeunana teh.

¹⁶Ku lantaran anu dilampahkeun teh saenyana mah teu akur jeung lelembutan, ieu nandakeun yen sim kuring ngaku benerna Hukum Agama Yahudi.

¹⁷ Ana kitu atuh lain sim kuring, anu ngalampahkeunana teh saenyana mah dosa anu murba dina diri sim kuring.

¹⁸ Sim kuring ge ngarasa, diri teh henteu kaancikan ku anu hade. Buktina najan hayang oge nyieun kalakuan hade, ngalampahkeunana mah teu mampuh.

¹⁹ Anu dilampahkeun teh lain anu hade sakumaha kahayang hate, tapi anu teu panuju jeung hate.

²⁰ Ku sabab anu dilampahkeun teh lain anu panuju jeung hate, ieu nandakeun yen anu ngalampahkeunana teh lain sim kuring, tapi dosa anu ngancik dina diri.

²¹ Jadi kacindekan sim kuring, dina hal ieu anu jadi babit pangaruhna nya hukum tea: ana sim kuring hayang migawe anu hade, ari anu timbul dina hate ngan anu goreng.

²² Batin mikasuka parentah-parentah Allah,

²³ tapi ngarasa dina diri aya deui pangaruh hukum sejen, anu pasalingsingan jeung hukum anu diaku ku budi rasa. Ku sabab kitu sim kuring jadi kabeungkeut ku hukum dosa anu mangaruhan diri sim kuring.

²⁴ Jelema cilaka sim kuring teh! Saha anu bakal nyalametkeun sim kuring tina ieu badan anu baris ngagusur kana maot?

²⁵ Rebu laksa nuhun ka Allah, Mantenna kersa nyalametkeun sim kuring ku jalan Gusti urang Yesus Kristus. Kieu kaayaan sim kuring

teh: Ari batin tunduk kana Hukum Allah, ari tabeat taluk kana hukum dosa.

8 ¹ Pikeun anu hirupna ngahiji jeung Kristus Yesus, hukuman teh geus teu aya,

² sabab geus dileupaskeun tina hukum dosa jeung maot ku Roh Allah, nya eta anu ngalantarankeun urang ngahiji jeung Kristus Yesus.

³ Anu henteu bisa dilakonan ku Hukum Agama lantaran manusa mah sipat lemah, dilaksanakeun ku Allah. Mantenna geus ngelehkeun dosa anu aya dina tabeat manusa, ku jalan ngutus Putra-Na ku manten, anu sumping-Na nganggo kaayaan anu sarua jeung kaayaan manusa anu dosa, pikeun ngaleungitkeun dosa.

⁴ Allah ngajalankeun kitu teh supaya pangersa-Na anu dinyatakeun dina Hukum Agama tea bisa dilakonan ku urang, anu hirup nurutkeun pituduh Roh Allah, lain nurutkeun tabeat sorangan.

⁵ Anu hirupna nurutkeun tabeat sorangan, anu dipikiranana oge dipangaruhan ku tabeatna sorangan. Sabalikna anu hirupna nurutkeun Roh Allah, anu dipikiranana oge hal-hal anu jadi pangersa Roh Allah.

⁶ Pikiran anu dipurba ku tabeat sorangan nungtun kana maot; pikiran anu ditungtun ku Roh Allah nungtun kana hirup jeung kanugrahaan.

⁷ Ku sabab kitu, anu pikiranana dipurba ku tabeat sorangan teh jadi musuh jeung Allah, lantaran henteu tunduk kana Hukum Allah, jeung memang moal daekeun tunduk.

⁸ Anu nurut kana tabeat sorangan moal dipikasuka ku Allah.

⁹ Tapi hirup aranjeun mah henteu nurutkeun tabeat sorangan, geus nurut ka Roh Allah. Kitu soteh lamun bener Roh Allah aya di jero hate aranjeun. Saha-saha anu henteu ngabogaan Roh Kristus, eta lain kagungana-Na.

¹⁰ Sabalikna lamun Kristus aya di jero hate aranjeun, najan ari badan jasmani mah baris maot ku lantaran dosa, tapi Roh Allah anu aya jumeneng dina hate aranjeun baris maparin hirup ka aranjeun, lantaran aranjeun geus diangken bener ku Allah.

¹¹ Lamun Roh Allah, anu geus ngagugahkeun Yesus tina maot jumeneng di jero hate aranjeun, tangtu eta anu ngagugahkeun Kristus tina maot teh bakal ngahirupkeun deui badan aranjeun anu keuna ku maot tea, sabab Roh Mantenna jumeneng di jero hate aranjeun.

¹² Ku sabab kitu, dulur-dulur, urang teh boga hiji tanggung jawab, tapi lain tanggung jawab kana tabeat sorangan; hirup urang ulah nurutkeun eta.

¹³ Sabab lamun nurutkeun eta mah aranjeun tangtu maraot. Sabalikna lamun, ku karana

pitulung Roh Allah, aranjeun maehkeun kalakuan-kalakuan anu dosa, aranjeun tangtu hirup.

¹⁴ Sakur jelema anu dituyun ku Roh Allah, eta teh putra-putra Allah.

¹⁵ Sabab Roh paparin ti Allah teh moal midamel aranjeun jaradi kawula anu ngalantarankeun aranjeun jadi pinuh ku rasa kasieun, sabalikna bakal midamel aranjeun jadi putra-putra Allah, sarta ku perbawa Roh Allah, aranjeun bisa nyebut ka Allah, "Ama, nun Ama!"

¹⁶ Roh Allah ku manten jeung roh urang bareng nganyatakeun yen urang teh putra-putra Allah.

¹⁷ Ku sabab urang teh putra-putra-Na, urang bakal narima berkah anu ku Mantenna disayagikeun pikeun umat-Na. Sarta sakumaha Kristus, urang oge bakal narima anu ku Allah geus disayagikeun pikeun Kristus. Sabab lamun urang geus milu kana sangsara Kristus, tangtu oge bakal milu dimulyakeun jeung Anjeunna.

¹⁸ Dina kayakinan sim kuring, kasangsaraan anu kasorang ku urang ayeuna, lamun dibandingkeun jeung sagala kamulyaan anu bakal diebrehkeun ka urang mah taya pisan hartina.

¹⁹ Saalam dunya kacida ngarep-ngarepna kana wancina Allah ngebrehkeun kamulyaan putra-putra-Na.

²⁰Sabab dunya jadi ruksak teh lain kahayangna sorangan, tapi geus kitu kersana Allah. Najan kitu aya keneh anu jadi pangharepan, nya eta:

²¹Hiji waktu dunya teh bakal dileupaskeun tina genggeman anu ngaruksakna, bakal nampa kamerdekaan anu agung babarengan jeung putra-putra Allah.

²²Urang terang, nepi ka wanci ieu saalam dunya humarurung ku kanyeri lir nyerina awewe nu ngajuru.

²³Anu humarurung kitu teh lain dunya bae, urang oge, anu geus nampa Roh Allah (kurnia Allah anu katampa pangheulana), humaregung sajeroning batin, ngarep-ngarep sangkan diri urang sakujur gancang-gancang dibebaskeun ku Allah sarta dijadikeun putra-putra-Na.

²⁴Sabab pang urang bisa disalametkeun teh ku lantaran nyekel pangharepan. Tapi lamun anu diarep-arep geus breh mah, lain ge pangharepan deui. Da saha atuh anu ngarep-ngarep keneh anu geus breh?

²⁵Urang henteu weleh ngarep-ngarep lantaran anu diarep-arep tacan breh.

²⁶Roh Allah oge kitu, sumpingna nulungan teh lantaran urang lemah. Urang mah henteu terang kumaha kuduna neneda. Nya Roh ku anjeun anu melas-melis ka Allah mangunjukkeun ucap-ucap anu henteu bisa kedal.

²⁷ Allah anu uninga kana eusi hate urang, ka anu dipimaksud ku Roh teh ngartoseun, yen anu dipundut-Na teh pikeun umat-Na sarta sapuk jeung pangersa-Na.

²⁸ Urang terang, sagala perkara ku Allah diatur sina alus pijadieunana pikeun sakur anu cumantel ka Mantenna, anu ku Mantenna geus disalaur sakumaha tujuan Mantenna.

²⁹ Sakur anu geus kapilih ku Allah, ti samemehna keneh geus ditangtukeun sangkan jadi sakumaha kaayaan Putra-Na, ari Putra-Na bakal jadi anu kahiji ti pirang-pirang saderek.

³⁰ Kitu carana Allah nyaur sakur anu ku Mantenna geus ditangtukeun teh. Sakur anu disaur, diangken sarta nampa kamulyaan ti Mantenna.

³¹ Tina hal ieu kabeh, naon ucapkeuneun urang? Lamun Allah aya di pihak urang, saha nu bisa ngalawan ka urang?

³² Allah, anu henteu ngoretkeun Putra ku Manten sangkan jadi kurban gaganti urang, moal enya ka urang moal maparinkeun perkara-perkara lianna?

³³ Saha nu rek bisa ngagugat-gugat kasalahan urang, umat anu geus kapilih ku Allah, tur geus dinyatakeun teu salah ku Allah ku manten?

³⁴ Saha nu rek bisa nyalahkeun urang? Urang bakal aya anu ngabelaan! Nya eta Yesus Kristus, anu geus pupus, anu geus

digugahkeun deui kana hirup, anu linggih di tengeneun Allah.

³⁵ Jadi, saha anu bisa megatkeun asihna Kristus ka urang? Naha kabalangsakan, atawa panganiayaan, atawa kalaparan, atawa kamalaratan, atawa banya, atawa maot, bisaeun megatkeun?

³⁶ Hal eta dina Kitab Suci kaungel kieu, "Ku karana Gusti, abdi-abdi salamina aya dina banya pati, dijieun sapertos ka domba peunciteun."

³⁷ Moal, moal bisaeun! Eta kabeh malah geus eleh, urang geus unggul ku pitulung Anjeunna anu welas asih ka urang!

³⁸ Sim kuring estu yakin, pamohalan aya anu bisa megatkeun kaasih Anjeunna ka urang: Pati, hirup, malaikat-malaikat, pangawasa-pangawasa langit lianna, ancaman jaman nu ayeuna, nu engke,

³⁹ nu di langit, nu di bumi cindekna sagala ciptan moal aya anu bisa megatkeun asihna Allah ka urang, sakumaha anu geus diterapkeun ka urang ku jalan Kristus Yesus Gusti urang.

9¹ Sim kuring rek ngedalkeun caritaan eusi hate anu saenyana. Sim kuring teh kagungan Kristus, moal rek bohong. Getering hate sim kuring anu dituyun ku Roh Suci ngarasa yakin yen anu rek dikedalkeun teh estu enya, nya eta:

²Sim kuring teh sedih kabina-bina, hate mani asa digerihan

³ku hal jelema-jelema dulur sabangsa. Ari ras ka maranehanana sim kuring nepi ka boga pikir kajeun sim kuring bae anu nandangan wera Allah sarta pegat jeung Kristus teh.

⁴Maranehna teh umat Allah, diangken jaradi putra-putra-Na, dipaparin ningal kamulyaan Mantenna, diajak nyieun jangji, dipaparin Hukum-hukum Agama, dipaparin pituduh hal ngabakti anu bener, geus dipaparin jangji ku Allah,

⁵jaradi turunan karuhun urang Ibrani anu kamashur, sarta Kristus oge kapan nurutkeun kamanusaanana mah sabangsa jeung maranehna. Mugia kapuji salalanggengna Allah anu ngatur sakabeh perkara! Amin.

⁶Sim kuring lain rek nyebutkeun yen jangji Allah gajlig; da henteu kabeh urang Israil jaradi umat Allah.

⁷Jeung henteu kabeh turunan Ibrahim jaradi putra-putra Allah. Kapan kieu lahiran Allah ka Ibrahim teh, "Anu ku Kami disebut turunan maneh teh ngan anu turun ti Ishak."

⁸Ieu hartina, turunan Ibrahim anu bakal dijadikeun putra-putra Allah mah ngan anu lahir ku karana jangji Allah wungkul, henteu kabeh.

⁹Sabab jangji Allah teh kieu ungelna, "Lamun geus jejeg waktuna, Kami tangtu

datang deui, sarta Sarah bakal boga anak, lalaki."

¹⁰Tapi tacan anggeus semet eta. Putra Rabeka aya dua, sarama, nya eta Ishak karuhun urang.

¹¹Memeh eta barudak lahir, Allah geus nangtoskeun anu mana anu bakal dipilih ku Mantenna. Jadi milihna henteu gumantung kana kalakuanana, tapi gumantung ka saha kersa-Na nyaur. Sabab samemeh eta barudak lahir, memeh barisa migawe hade atawa goreng,

¹²Allah geus ngalahir kieu ka Rabeka, "Lanceukna bakal ngawula ka adina."

¹³Dina Kitab Suci kaungel Allah ngalahir kieu, "Kami asih ka Yakub, ka Esau mah cua."

¹⁴Ana kitu, naha ceuk urang Allah teh teu adil? Lain teu adil.

¹⁵Sabab Allah ngalahir kieu ka Musa, "Kami bakal mikawelas ka sakur anu kamanah ku Kami; Kami rek ngurniaan ka saha Kami kersa."

¹⁶Jadi kabeh oge wungkul gumantung kana sih kurnia Allah, henteu gumantung kana kahayang jeung kalakuan jelema.

¹⁷Sabab, "Allah ngalahir ka raja Mesir", kaungel dina Kitab Suci, "Maneh ku Kami dijieun raja, supaya maneh ngawanohkeun kakawasaan Kami, jeung ngamashurkeun jenengan Kami ka saalam dunya."

¹⁸Tah kitu, Allah teh mikawelas ka saha bae kersa-Na, ngadamel jelema jadi bedegong oge kumaha kersa-Na.

¹⁹Meureun ceuk aranjeun teh, "Ari kitu mah naha Allah nyalahkeun manusa? Saha jelemana anu kuat mapalangan pangersa Allah?"

²⁰Dulur-dulur, saha aranjeun teh make wani nambalang ka Allah? Pot kembang moal nanyakeun ka nu nyieunna, "Ku naon kuring dijieun siga kieu?"

²¹Kumaha-kumaha oge jelema anu nyieun eta pot wenang ngagawekeun taneuh porang sakahayangna, wenang tina taneuh porang anu sagumpel nyieun dua pot, nu hiji alus, nu hiji deui basajan pisan.

²²Anu dipidamel ku Allah oge kitu. Mantenna kagungan pangersa nempongkeun bebendu jeung kakawasaana-Na. Tapi Mantenna kersa nyabaran, kacida sabar-Na ka anu geus tangtu bakal cilaka lamun ku Mantenna dibenduan teh.

²³Pangersa-Na teh rek ngebrehkeun kamulyaana-Na anu tanpa watesna, bakal dikucurkeun ka urang anu ku Mantenna dipikawelas, anu ku Mantenna geus ditangtukeun bakal dipaparin kabagjaan.

²⁴Urang, anu ku Mantenna geus disalaur teh lain ngan anu ti urang Yahudi bae, tapi oge ti bangsa-bangsa sejenna.

²⁵Kieu pilahir-Na anu kaungel dina Kitab Nabi Hosea, "Jelema-jelema nu lain kagungan Kami, baris diaku Umat Kami, Bangsa anu ku Kami teu dipikanyaah, baris diaku Kanyaah Kami,

²⁶Jeung di mana-mana, di tempat maranehanana disebut, Maraneh lain umat Kami, bakal disarebut putra-putra Allah anu jumeneng."

²⁷Ngeunaan urang Israil, aya lahiran Nabi Yesaya kieu, "Sanajan urang Israil lobana kawas keusik di basisir, anu bakal salamet mah ngan saeutik,

²⁸sabab Pangeran bakal gancang-gancang ngayakeun balitungan jeung saeusi dunya."

²⁹Kieu deui lahiran Nabi Yesaya, "Lamun bae teu aya pisan turunan urang anu dikarikeun ku Allah Nu Maha Kawasa, tan wande urang teh bakal jadi kawas nagri Sadumu jeung Gomora."

³⁰Ku sabab eta kacindekan urang teh kieu, bangsa-bangsa nu lain Yahudi, anu henteu nighiarkeun maneh supaya diangken ku Allah, ku Allah geus diangken, sabab percaya ka Mantenna.

³¹Sabalikna anu kasebutna umat Allah, sangkan diangken ku Allah teh ihtar sorangan ku jalan netepan hukum tea; maranehna henteu hasil.

³²Ku naon pangna teu hasil? Sabab ihtarina lain ku jalan percaya, tapi ngandelkeun ihtar

sorangan, geus bae lalabuh, titajong kana "Batu Tatajongan".

³³Eta batu dina Kitab Suci kieu kaungelna, "Tengetkeun! Kami neundeun hiji batu di Sion; jelema-jelema bakal titarajong kana eta, batu gede, maranehna bakal lalabuh. Tapi sing saha anu percaya ka Anjeunna, moal kaduhung."

10¹Dulur-dulur, pohara gedena kahayang sim kuring supaya bangsa sim kuring disalametkeun. Jeung sim kuring teh bener-bener neneda ka Allah, sangkan hal eta kajadian.

²Sim kuring wani nyebutkeun, maranehna teh kacida garetolna ibadah ka Allah. Hanjakal ibadahna henteu nurutkeun pituduh anu bener.

³Henteu nyarahoeun jalan anu ti Allah supaya manusa bisa diangken bener. Maranehanana marake jalan sorangan bae, henteu marake jalan anu ti Allah.

⁴Hukum Agama teh kapan enggeus rengse ditedunan ku Kristus, jadi sing saha anu percaya ka Anjeunna tangtu ku Allah diangken deui.

⁵Hal manusa bisa diangken bener ku Allah ku jalan nedunan Hukum Agama, kieu diseratkeunana ku Musa, "Saha-saha anu nurut kana Hukum Agama, tangtu hirup."

⁶Hal manusa bisa diangken bener ku Allah ku jalan percaya, Kitab Suci nyebutkeun kieu

"Teu perlu maraneh nanya di jero hate, Saha nu baris naek ka sawarga? (Maksudna pikeun ngalungsurkeun Kristus ka dunya.)

⁷ Atawa, Saha nu baris turun ka jero kubur? (Maksudna ngangkat Kristus tina maot.)"

⁸ Eta kieu maksudna, "Warta ti Allah teh geus kacida santekna ka aranjeun, geus dina biwir, di jero hate aranjeun." Eta warta teh nya eta warta anu ngeunaan hal percaya tea, anu keur diwawarkeun ku sim kuring sapara kanca.

⁹ Lamun aranjeun ngaku jeung percaya yen Yesus teh Gusti, anu ku Allah geus digugahkeun tina maot, tangtu aranjeun salamet.

¹⁰ Ku jalan percaya, urang bisa diangken bener ku Allah, sarta ku jalan ngaku ka Anjeunna urang tangtu salamet.

¹¹ Ceuk ungel Kitab Suci, "Sakur anu percaya ka Anjeunna moal kaduhung."

¹² Ieu teh pikeun sarerea, pikeun urang Yahudi jeung bangsa-bangsa sejen, taya nu dibeda-beda. Allah teh hiji, Pangeran sarerea, anu pitulung-Na tanpa wangenan pikeun sakur anu sasambat ka Mantenna.

¹³ Sakumaha ungel Kitab Suci, "Saha-saha anu sasambat neda pitulung ka Mantenna tangtu disalametkeun."

¹⁴ Tapi ari henteu percaya mah rek kumaha bisa sasambat menta tulung? Jeung kumaha rek bisa percaya lamun tacan ngadenge warta

tina hal eta? Jeung kumaha eta warta bisa kadenge lamun henteu diwawarkeun?

¹⁵ Jeung kumaha rek diwawarkeunana lamun teu aya anu diutus? Dina Kitab Suci kaungel, "Aya ku matak resep utusan daratang marawa warta anu pikabungaheun!"

¹⁶ Tapi anu daek narima eta Injil Kasalametan teh henteu kabeh. Saur Yesaya ge, "Gusti, saha nu bade percaya kana warta anu diwawarkeun ku abdi-abdi?"

¹⁷ Jadi, percaya kana eta warta teh kudu ngadenge heula wartana, ari wartana katarimana ti jelema-jelema anu ngawawarkeun hal Kristus.

¹⁸ Tapi sim kuring rek nanya, "Naha enya maranehanana tacan ngadarenge eta warta? Puguh enggeus, sakumaha ungel Kitab Suci, Soarana parat ka saampar jagat, ucapanana tepi ka tungtung-tungtung bumi."

¹⁹ Sakali deui sim kuring rek nanya: Naha teu ngalartieun kitu urang Israil teh? Musa ku anjeun anu bakal ngawaler pangheulana, "Kieu timbalan Allah, Umat Kami sina sirik ka hiji bangsa anu teu kaasup umat, sina arambekeun ku hiji bangsa anu taya kanyahona."

²⁰ Yesaya mah nyaurkeunana leuwih wani deui, "Kami ngahaja sina kapanggih ku jelema-jelema anu henteu nareangan, nemongan ka jelema-jelema anu tara naranyakeun Kami."

²¹ Ari ngeunaan Israil mah saurna teh, "Sapoe jeput Kami nyodoran leungeun ngahiap-hiap hiji bangsa anu wangkelang jeung bantahan."

11 ¹Pananya sim kuring, "Naha Allah teh geus miceun umat-Na ku manten?" Geus tangtu henteu! Sim kuring oge kapan urang Israil, turunan Ibrahim ti kaom Binyamin.

²Allah henteu nolak ka umat-Na anu ku Mantenna geus dipilih ti mimiti keneh. Aranjeun terang kumaha ungelna Kitab Suci anu ngeunaan Elias, waktu anjeunna ngadukeun urang Israil ka Allah,

³"Gusti, maranehanana parantos maehan nabi-nabi Gusti, sareng ngaruntuh-runtuhkeun altar paranti ngurban ka Gusti. Anu hirup keneh kantun abdi, keur diarah bade dipaehan."

⁴Kumaha waleran Allah? "Kami boga keneh tujuh rebu jelema anu henteu nyarembah ka Baal, dewa palsu."

⁵Ayeuna oge kitu, aya keneh saeutik jelema-jelema anu dipilih ku Allah ku karana rahmat-Na.

⁶Dipilih soteh ngan ku karana rahmat-Na bae, lain pedah ningali kalakuanana. Ari pamilih Allah lantaran ningali kalakuan jelema mah atuh kurnia-Na teh lain ge kurnia.

⁷Jadi, kumaha? Urang Israil teu bisa manggihkeun anu ditareanganana. Anu

manggihkeunana ngan sagolongan leutik, jelema-jelema anu memang geus dipilih ku Allah. Nu sejenna mah geus jadi tarorek kana panyaur Allah teh.

⁸Sakumaha ungel Kitab Suci, "Hate jeung pikiran maranehanana ku Allah disina nambag, nepi ka ayeuna maranehna teu barisa nenjo teu barisa ngadenge."

⁹Saur Daud mah, "Sing kagubed maranehna ku pesta-pestana, sing tinggedebug, sing dihukum!"

¹⁰Sing lalolong matana, tong barisa nenjo, sing barengkung awakna balas nanggung kasusah sapapanjangna."

¹¹Pananya sim kuring, "Waktu urang Yahudi tinggedebug titarajong, naha maranehna tumpur?" Henteu! Malah sina paranaseun dumeh anu disalametkeun teh malah bangsa sejen, da maranehna sorangan mah nyarieun kasalahan.

¹²Dosa urang Yahudi ngalantarankeun dunya meunang rahmat sakitu poharana; miskinna rohani urang Yahudi ngalantarankeun bangsa-bangsa sejen meunang kurnia sakitu jembarna. Komo lamun sakabeh urang Yahudi diarangken ku Allah, nugraha anu bakal katarima bakal leuwih ti kitu.

¹³Ayeuna sim kuring hayang nyarita ka aranjeun nu lain urang Yahudi. Salila sim kuring ngalakonan gawe jadi rasul pikeun

bangsa-bangsa sejen, sim kuring kacida bungahna.

¹⁴Susuganan sim kuring bisa mapanas bangsa sorangan, malakmandar ku jalan kitu bisa nyalametkeun maranehna saeutik mah.

¹⁵Kapan ku lantaran maranehna ditolak ku Allah, dunya anu tadina dimusuh ku Allah jadi diangken deui ku Mantenna. Komo lamun maranehna ditampi deui ku Allah, eta mah lir nu geus maot hirup deui!

¹⁶Lamun keureutan roti anu pangheulana dihaturkeun ka Allah, roti weuteuhna oge kapan anu Mantenna.

¹⁷Sawatara dahan tangkal jetun nya eta urang Yahudi ditilas. Dina urut nilasna dicangkokkeun dahan tina tangkal jetun leuweung, nya eta aranjeun, nu lain urang Yahudi. Ku sabab dicangkokkeun dina dahan anu ditilas tea, aranjeun jadi hirup-hurip ku kahirupan rohani ti urang Yahudi.

¹⁸Ku lantaran kitu poma, aranjeun ulah ngarendahkeun maranehna, anu geus ditilas saperti dahan tea. Jeung deui rek aragul ku naon? Aranjeun mah sakadar dahan. Dahan moal bisaeun ngahirupan akar, akar anu ngahirupan dahan.

¹⁹Tapi meureun ceuk aranjeun, "Pang eta dahan ditilas oge supaya kuring laluasa cicing di dinya."

²⁰Eta bener. Maranehna nu matak ditilas teh lantaran henteu percaya. Ari aranjeun pang

caricing di dinya lantaran percaya. Tapi ulah dir, anggur sing sarieun.

²¹ Allah henteu lebareun nilas urang Yahudi anu diupamakeun dahan-dahan asal, naha baris lebareun nilas aranjeun?

²² Dina hal ieu nyata, Allah teh manah-Na kacida leuleuyna, tapi oge kacida kerasna. Ka anu dosa Mantenna keras, tapi ka aranjeun mah tangtu ngaleuleuyan, lamun aranjeun tetep tigin kana welas asih-Na. Lamun teu kitu aranjeun oge tangtu ditilas.

²³ Ari urang Yahudi, lamun babalik pikir tina henteu percayana, tangtu ditempatkeun deui dina urutna ditilas, da Allah mah kawasa midamel kitu.

²⁴ Aranjeun anu lain Yahudi, anu diupamakeun dahan jetun leuweung, geuning najan beda sipat oge bisa dicangkokkeun kana dahan jetun anu tulen. Atuh komo urang Yahudi, anu diupamakeun dahan jetun anu ditilas ti anu tulen, tangtu leuwih gampang Allah ngahijkeunana deui kana tangkal asalna.

²⁵ Dulur-dulur, sim kuring rek muka hiji rasiah, supaya aranjeun ulah nepi ka boga rasa pangpinterna. Nya eta: Urang Israil teh murugulna moal salilana. Lamun jelema-jelema anu lain urang Yahudi anu aranut ka Allah geus jejeg jumlahna, urang Israil geus moal murugul deui.

²⁶Ku sabab kitu sakabeh urang Israil bakal salamet. Sakumaha ungel Kitab Suci, "Ti Sion bakal sumping Jurusalamet, anu bakal ngaleungitkeun kadorakaan turunan Yakub.

²⁷Kitu jangji Kami ka maranehna, mangsa Kami ngaleungitkeun dosa-dosana."

²⁸Ku sabab urang Yahudi nolak Injil Kasalametan, ku Allah dimusuhan. Nu untung aranjeun nu lain urang Yahudi. Tapi ku lantaran ku Allah geus dipilih, urang Yahudi tetep dipikaasih ku Mantenna, tina ngemutkeun karuhun maranehanana.

²⁹Sabab lamun Allah geus milih jeung ngurniaan, manah-Na moal barobah deui.

³⁰Aranjeun anu lain urang Yahudi, anu tadina lain jelema anu narurut ka Allah, ayeuna geus dipikawelas ku Mantenna.

³¹Urang Yahudi oge kitu keneh halna. Ayeuna maranehna henteu narurut ka Allah, eta jadi lantaran aranjeun dipikawelas ku Allah. Urang Yahudi oge engke bakal dipikawelas.

³²Sabab sakabeh manusia ku Allah geus disina henteu narurut, supaya Mantenna iasa nembongkeun welas asih-Na ka maranehna.

³³Maha jembar Allah! Kawijaksanaan jeung kauninga-Na sakitu jerona. Saha anu bisa ngajugjungan putusan-putusan Mantenna? Saha anu bisa ngarti kana cara barang damel-Na?

³⁴ Dina Kitab Suci kaungel, "Saha anu bisa neuleuman manah Pangeran? Saha anu werat nganasehatan ka Mantenna?

³⁵ Saha anu geus kungsi kikiriman ka Mantenna, nepi ka Mantenna kudu males ngintunan?"

³⁶ Sabab saniskara oge Mantenna anu nyiptakeun. Sakabehna asal ti Mantenna, keur Mantenna. Sanggakeun puji ka Allah, salalanggengna! Amin.

12 ¹Dulur-dulur! Ku sabab Allah sakitu murah asih-Na ka urang, sim kuring menta ka aranjeun supaya ngabaktikeun diri ka Mantenna, jadikeun kurban hirup-hirup; kumawula ka Mantenna bae supaya sukaeun manah-Na. Kudu kitu ibadah teh, kakara bener.

² Ulah miluan adat kabiasaan ieu dunya. Batin teh sina dianyarkeun ku Mantenna, supaya pikiran aranjeun barobah anyar sama sakali. Ari geus kitu mah tangtu bakal terang kana pangersa Allah, mana nu hade, nu sampurna, nu matak bisa nyukakeun manah-Na.

³ Sim kuring anu geus ngarasakeun murah asih-Na, hayang mere pepeling ka aranjeun: Ulah boga rasa diri leuwih ti kaayaan anu sabenerna. Ngukur diri kudu reujeung rendah hate, luyu jeung gedena iman paparin ti Allah.

⁴ Lir upama badan, hiji tapi anggahotana rupa-rupa,

⁵kaayaan urang oge kitu. Lobaan, rupa-rupa, tapi ku sabab geus ngahiji jeung Kristus, urang teh geus dihijkeun jadi sabadan.

⁶Rahmat kabisa anu katampa ku urang masing-masing rupa-rupa, digunakeunana kudu cocog jeung maksad Allah anu maparinkeunana. Rahmat kana bisa ngawawarkeun warta ti Allah, gunakeun kana ngawawarkeun eta warta, luyu jeung getering iman.

⁷Rahmat kana bisa nulung, gunakeun kana tutulung; rahmat kana bisa ngawuruk, gunakeun kana ngawuruk;

⁸rahmat kana bisa ngagedekeun hate batur, gunakeun kana ngagedean hate batur. Saha bae, lamun mere kudu reujeung balabahna, nungtun kudu reujeung enya-enya, mere kahadean kudu reujeung senang hate.

⁹Tembongkeun kanyaah reujeung iklas. Musuhan kagorengan, genggem naon anu hade.

¹⁰Sing silih raketan, silih pidulur, jeung silih ajenan.

¹¹Kudu getol kana gawe, ulah mumulan. Kudu bakti ka Allah reujeung hate anu tigin.

¹²Dina keur aya anu diharep, hate kudu masing janglar, sing tawekal dina kasusah, jeung sing rajin neneda.

¹³Batur sakapercayaan anu keur aya kakurangna, tulungan sapangabutuhna;

tampa hade-hade mun aya anu ngadon datang ka imah.

¹⁴ Jelema anu neungteuinganan ulah disumpahan, malah kudu dipangnedakeun ka Allah mugia sing diberkahan. Enya, kudu kitu!

¹⁵ Kudu milu bagja ka nu meunang bagja, milu ceurik ka nu ceurik.

¹⁶ Tata-titi ka batur kudu sarua. Nyekel kawajiban ulah bari kamagungan, kudu reujeung rendah hate. Ulah ngarasa aing pinter.

¹⁷ Nu goreng ulah dibales ku goreng. Usahakeun kumaha bae jalanna anu ceuk batur ge hade,

¹⁸ sing sabisa-bisa neangan pijalaneun akur jeung saha bae.

¹⁹ Poma dulur-dulur, ulah hayang ngabales, eta mah wewenang Allah. Ceuk Kitab Suci oge, "Kami anu pimaleseunana, Kami anu bakal ngahukumna, kitu pilahir Pangeran."

²⁰ Malah hadena mah, sakumaha ceuk Kitab Suci, "Lamun musuh lapareun bere dahar, lamun hanaangeun bere nginum; ku dikitukeun teh manehanana moal teu ngarasa asa renghek bawaning ku eraeun."

²¹ Kade, ulah nepi ka kabawa ku amarah, elehkeun pikiran goreng teh ku anu hade.

13¹ Unggal jelema kudu nurut ka pamarentah, sabab henteu aya pamarentah anu teu karana widi Allah. Jadi

pamarentah anu ayeuna eukeur oge geus kersaning Allah.

²Saha bae, anu ngalawan ka pamarentah, sarua jeung ngalawan kana aturan anu geus ditangtu keun ku Allah, anu ngalawanna tangtu meunang hukuman.

³Pikeun warga anu hade kalakuanana, pamarentah teh moal matak sieun. Matak sieun soteh pikeun warga anu jahat. Aranjeun harayang sangka henteu ngarasa sieun ku anu keur nyekel pamarentahan? Atuh masing hade kalakuan, tangtu ku itu dipuji,

⁴da itu jenengna teh jadi kawula Allah pikeun kamaslahatan wargana. Ari aranjeun jahat mah puguh bae jadi sieun, da pamarentah teh boga kawasa pikeun ngahukum. Pamarentah teh kawula Allah pikeun ngalaksanakeun Hukum Allah ka wargana anu jahat.

⁵Eta sababna aranjeun kudu narurut ka pamarentah. Lain ku dumeh sieun meunang hukuman, tapi pangpangna mah kudu ngarasa geus sawajibna.

⁶Ieu keneh sababna pang aranjeun kudu malayar pajeg, lantaran pamarentah teh kawula Allah anu keur ngajalankeun aturan Mantenna.

⁷Jadi, bayar sakur anu kudu dibayar ka pamarentah, boh pajeg lamun kudu mayar pajeg, boh cuke lamun kudu mayar cuke. Hargaan pamarentah, ajenan.

⁸Ka saha bae oge ulah boga hutang salian ti hutang kanyaah ka pada batur. Sabab nyaah ka batur teh nedunan Hukum Musa.

⁹Parentah-parentah anu ungelna, "Maneh ulah jinah, ulah maehan, ulah maling, ulah bogoh ka barang batur," kitu deui parentah-parentah sejen salengkepna, diringkeskeun jadi hiji parentah anu ungelna, "Maneh kudu nyaah ka batur saperti ka diri sorangan."

¹⁰Lamun aya rasa kanyaah ka batur, tangtu moal jahat ka batur. Ku sabab kitu, nyaah ka batur teh nedunan sakabeh parentah Hukum Agama.

¹¹Pek eta lalampahkeun kitu, da aranjeun ge tangtu ngarti, ayeuna teh geus waktuna kudu nyaring. Sabab kana waktu urang disalametkeun teh ayeuna mah geus leuwih deukeut ti batan bareto samemeh urang percaya.

¹²Peuting geus tereh nyingkir, beurang geus tereh datang. Eureunan sagala hal anu sok dipigawe waktu poek, geura dangdan pakarang geusan nyanghareupan caang.

¹³Tingkah laku masing luyu sakumaha pantesna hirup dina caangna beurang ulah pepestaan bae, ulah mabok, ulah rucah, ulah aeb, ulah gelut, ulah dengki.

¹⁴Cekel pakarang ti Gusti Yesus Kristus, ulah ngumbar pidosaeun ngalajur napsu.

14¹ Jelema anu kurang panceg
kayakinanana kudu dimalum,
pamadegan-pamadeganana ulah diutik-utik.

² Jelema teh aya nu yakin yen sagala
kadaharan meunang didahar, tapi aya oge
anu ngan ngadahar sayur-sayuran, lantaran
ngarasa kurang yakin.

³ Anu yakin meunang ngadahar sagala
rupa, ulah moyok ka anu tara. Anu ngan
ngadahar sayur-sayuran bae oge ulah
nyalahkeun ka anu sok ngadahar naon bae,
da masing-masing geus ditarima ku Allah.

⁴ Saha kitu ari aranjeun, wani-wani
nyalahkeun badega batur? Kumawulana rek
kapake rek henteu, eta urusan dununganana
anu boga hak nangtukeun. Jeung tangtu eta
kawula teh bisa kapake, da Pangeran mah
kawasa midamel kitu.

⁵ Aya jelema anu nganggap mulya kana hiji
poe, tapi aya oge anu nganggap poe mah
kabeh ge sarua. Keun bae kumaha ceuk
anggapanana masing-masing.

⁶ Anu nganggap mulya kana hiji poe, kituna
teh pikeun ngamulyakeun Pangeran. Anu
sok ngadahar naon bae, eta oge pikeun
ngamulyakeun Pangeran, tanda narimakeun
geus dipaparin eta dahareun. Anu nolak
ngadahar salah sahiji kadaharan, kitu keneh
pikeun ngamulyakeun Pangeran, nandakeun
panarimana ka Allah.

⁷ Saurang ge urang teh henteu aya
anu hirupna atawa maotna ngan keur
sadirieunana bae.

⁸ Keur hirupna, hirupna teh pikeun Pangeran,
geus maotna, maotna teh pikeun Pangeran.
Jadi, hirup jeung maot teh kagungan
Pangeran.

⁹ Kapan Kristus pupus jeung gugah hirup
deui teh supaya jadi Gustina anu harirup
jeung nu geus maraot.

¹⁰ Ku sabab kitu aranjeun anu ngan ngadahar
sayur-sayuran, ku naon nyalahkeun ka pada
dulur? Sarta aranjeun anu yakin meunang
ngadahar naon bae, ku naon moyok ka pada
dulur? Urang kabeh bakal jogo di payuneun
Allah pikeun diadilan.

¹¹ Sabab ceuk ungel Kitab Suci,
"Satemenna," pilahir Pangeran, "ieu
Kami Allah anu jumeneng, sakabeh jelema
bakal sarujud ka Kami, jeung ngaraku yen
Kami Allah."

¹² Ku hal eta urang teh kudu nyanggakeun
tanggung jawab ka Allah tina kalakuan urang
masing-masing.

¹³ Ku sabab kitu enggeus urang teh ulah silih
cawad deui. Anggur sabalikna sing sabisa-bisa
ulah nyieun lantaran dulur tikosewad labuh
kana dosa.

¹⁴ Tina ngahiji jeung Gusti Yesus teh sim
kuring meunang kayakinan, yen dasarna
mah kadaharan teh teu aya anu najis. Tapi

pikeun jelema anu nganggap aya sawatara kadaharan anu najis, tangtu bae pikeun manehna mah eta kadaharan teh jadi najis.

¹⁵ Lamun aranjeun nganyerikeun hate dulur tina sual kadaharan, kalakuan kitu teh nandakeun aranjeun geus taya kanyaah. Ulah ngaruksak hate dulur ku sual anu didahar ku aranjeun, da Kristus pupus teh kapan keur manehna oge!

¹⁶ Hal anu ku aranjeun dianggap hade teh ulah matak jadi goreng kasebutna.

¹⁷ Di Karajaan Allah mah nu penting teh lain hal anu didahar jeung diinum, tapi nya eta bener lampah, hirup rukun, narimakeun reujeung suka sakur anu dipaparinkeun ku Roh Suci.

¹⁸ Anu ngawulana ka Kristus kieu, bakal kamanah ku Allah sarta diajenan ku pada jelema.

¹⁹ Ku sabab kitu anu kudu dijieun tujuan teh salilana kudu hal-hal anu matak pirukuneun jeung anu baris bisa dipake silih tunjang pada batur.

²⁰ Ulah ku lantaran sual kadaharan hal anu geus dipidamel ku Allah jadi ruksak. Kadaharan naon bae kabeh ge meunang, tapi lamun matak ngalantarankeun batur labuh kana dosa, salah lamun didahar teh!

²¹ Ti batan matak ngalantarankeun dulur sakapercayaan dosa, leuwih hade ulah ngadahar daging, atawa nginum anggur.

²² Hal anu diyakinan ku aranjeun tea lakonan ku aranjeun bae sorangan di payuneun Allah nyalira. Anu ngarasa yen hal anu diyakinanana teh bener, eta jelema bagja.

²³ Sabalikna lamun hamham ku anu rek didahar tapi tetep bae didahar, tangtu ku Allah disalahkeun, lantaran ngadaharna teh pasalingsingan jeung kayakinan imanna. Sagala rupa anu henteu make dasar iman, eta dosa.

15 ¹ Urang anu panceg iman, kudu nulungan ka batur anu imanna kurang panceg, mantuan ngahampangkeun kabeubeurat hatena. Ulah hayang ngeunah sorangan bae,

² jembarkeun hate dulur teh supaya imanna panceg deui.

³ Kristus oge henteu senang-senang nyalira, sakumaha ceuk Kitab Suci, "Sagala panghina anu ditujukeun ka maraneh keunana ka Kami."

⁴ Anu ditulis dina Kitab Suci teh kabeh oge maksudna ngajar urang, kudu sabar tawekal supaya urang ulah nepi ka pegat harepan. Kitu eusi pangajaranana ka urang.

⁵ Mugia ku pitulung Allah anu iasa nabahkeun jeung ngalilipur hate urang, aranjeun bisa sahate jeung pada dulur, nurutkeun conto ti Kristus Yesus,

⁶ supaya bisa ragem sasora enggonging muji ka Allah, Ramana Gusti urang Yesus Kristus.

⁷ Kudu silih tarima jeung pada dulur, cara Kristus narima aranjeun, supaya matak mulya ka Allah.

⁸ Sing aringet, Kristus geus ngawulakeun hirup-Na ka urang Yahudi, supaya kanyahoan yen Allah teh satia, kersa ngalaksanakeun sakur anu ku Mantenna geus dijangjikeun ka karuhun maranehna,

⁹ jeung supaya bangsa-bangsa sejen oge ngamulyakeun ka Allah, muji welas asih-Na. Sakumaha ungel Kitab Suci, "Ku margi kitu abdi bade muji ka Gusti di kalangan bangsa lian, bade nganyanyikeun pupujian ka pajenengan Gusti."

¹⁰ Aya deui, "Eh bangsa-bangsa, sing saruka bungah reujeung umat Allah!"

¹¹ Aya deui, "Puji Pangeran, eh bangsa-bangsa; puji Mantenna, eh sakabeh manusa!"

¹² Aya deui, ieu saur Yesaya, "Ti turunan Isai, engke aya nu muncul saurang, anu bakal ngereh bangsa-bangsa, jadi pangharepan bangsa-bangsa lian."

¹³ Mugia Allah, sumber pangharepan urang, ka aranjeun maparin kasukaan jeung kanugrahaan lantaran aranjeun percaya ka Mantenna, supaya ku pangdeudeulna Roh Suci, aranjeun tetep ngaharep ka Mantenna.

¹⁴ Dulur-dulur! Sim kuring yakin pisan yen aranjeun teh leber ku anu harade, sugih ku pangarti, sarta bisa silih papatahan.

¹⁵Tapi dina sawatara hal sim kuring dina ieu surat mepelingan sakitu peureusna. Dalah dikumaha da kitu pamenta tugasna ti Allah,

¹⁶enggonging jadi kawula Kristus Yesus, digawe pikeun bangsa-bangsa nu lain Yahudi. Cara sim kuring nepikeun Injil Kasalametan ti Allah teh make cara imam, hayang supaya bangsa-bangsa nu lain Yahudi bisa layak disanggakeun ka Allah ku Roh Suci.

¹⁷Lamun geus bisa nepi ka kitu, sim kuring enggonging ngahiji jeung Kristus ngawula ka Allah teh meureun kacida reueusna.

¹⁸Wani soteh ngomong kieu ngan ku pedah geus bisa ngajalankeun gawe ti Kristus, nungtun bangsa-bangsa nu lain Yahudi sina aranut ka Allah. Tarekahna ku ucap, ku lampah,

¹⁹ku mujijat-mujijat jeung kaahengan-kaahengan ti Anjeunna, jeung ku kakawasaan Roh Allah. Ku cara kitu, Injil Kasalametan salengkepna ngeunaan Kristus, ku sim kuring geus diawarkeun di sapanjang jalan ti Yerusalem nepi ka Ilirikum.

²⁰Cita-cita sim kuring, ngawawarkeun Injil Kasalametan ti Allah teh ngan hayang ka tempat-tempat anu tacan ngadarenge hal Kristus bae, sabab sim kuring teu hayang ngadegkeun di tempat anu geus digawean ku nu sejen.

²¹Sakumaha ceuk ungel Kitab Suci, "Anu tacan meunang warta hal Anjeunna, engke

mah bakal narenjo; anu tacan ngadarenge,
bakal ngalarti kana hal eta."

²²Tah kitu sababna nu matak saban rek
datang ka aranjeun tara jadi bae teh.

²³Ayeuna mah sugaran bisa. Sim kuring
tangtu datang ka aranjeun,

²⁴urang sosonoan sawatara waktu. Geus
kitu arek terus ka Sepanyol, mugi-mugi ku
aranjeun dibantu supaya sim kuring bisa ka
ditu.

²⁵Tapi ayeuna mah arek ka Yerusalem heula
keur kaperluan umat Allah di ditu,

²⁶nya eta nganteurkeun duit sumbangan ti
jamaah-jamaah di Makedoni jeung Ahaya,
pikeun dulur-dulur urang anu mariskin di
Yerusalem.

²⁷Nyarumbangna teh nariatna sorangan bae.
Tapi memang pantes maranehna nulung teh.
Kapan pang bangsa-bangsa nu lain Yahudi
mareunang rahmat rohani teh ku jalan urang
Yahudi, jadi pantes lamun maranehanana
mulang ku harta ka urang Yahudi.

²⁸Lamun ieu geus beres, terus arek ka
Sepanyol, bari liwat nyimpang ka aranjeun.

²⁹Engke datang teh bari jeung mawa
pirang-pirang berkah ti Kristus.

³⁰Demi Gusti urang Yesus Kristus, jeung
demi kanyaah anu asal ti Roh Allah,
mugi-mugi aranjeun oge sing cara sim kuring,
neneda ka Allah, mugi-mugi sim kuring ku
Mantenna disareangan.

³¹ Pangnedakeun, mugi-mugi sim kuring ku Allah diluputkeun tina ancaman urang Yudea anu henteu palercaya; mugi-mugi deui duit sumbangan tea bisa mulus ditarima hade-hade ku umat Allah di Yerusalem.

³² Geus kitu mah, mun Allah marengkeun, datang ka aranjeun teh meureun bari jeung lugina hate, sarta bisa ngararasakeun bagjana papanggih jeung aranjeun.

³³ Mugia Allah, sumber kabagjaan urang, nyarengan aranjeun. Amin.

16¹ Sim kuring nitipkeun Pebe, dulur urang awewe anu ngabantu pagawean jamaah Kengkrea.

² Muga ditarima demi pajenengan Gusti, da urang teh umat Allah. Bisi aya kabutuhna bantu. Manehna sorangan kacida tutulungna ka nu sejen, nya kitu deui ka sim kuring.

³ Titip salam ka Priskila jeung Akwila, batur sim kuring ngawula ka Kristus Yesus.

⁴ Meh bae maranehna tiwas ngabelaan sim kuring. Kacida sim kuring nganuhunkeunana. Jamaah-jamaah bangsa sejen oge kacida nganaruhunkeunana ka maranehna.

⁵ Salam oge ka dulur-dulur anu sok karumpulan di imahna. Salam ka sobat sim kuring Epenetus, anu pangheulana ti propinsi Asia percaya ka Kristus.

⁶ Salam ka Maria, anu geus kacida soson-sosonna ngabantu aranjeun.

⁷ Salam ka Andronikus jeung Yunias, sabangsa jeung sim kuring sarta bareng milu dibui. Ku rasul-rasul mah duanana oge geus teu dipikabireuk, arasup Kristenna heulaeun sim kuring.

⁸ Salam ka Ampliatus, anu rapet jeung sim kuring dina ngahiji jeung Gusti.

⁹ Salam oge ka Urbanus, batur sapagawean ngawula ka Kristus; jeung ka Setakis sobat kentel.

¹⁰ Salam ka Apeles, anu kasatianana ka Kristus geus kauji. Salam ka Aristobulus sakulawarga.

¹¹ Salam ka Herodion, sabangsa jeung sim kuring. Jeung ka urang-urang Kristen di kulawarga Narkisus.

¹² Salam ka Triprena jeung Triposa anu digarawe pikeun Gusti, jeung ka Persis kanyaah sim kuring, anu loba pisan cabakeunana dina ngawula ka Gusti.

¹³ Salam ka Rupus, jelema pujieun kumawulana ka Gusti. Jeung ka ibuna, anu pikeun sim kuring mah lir indung sorangan.

¹⁴ Salam ka Asinkritus, Plegon, Hermes, Patrobas, Hermas, kitu deui urang-urang Kristen lianna anu reujeung jeung maranehna.

¹⁵ Salam ka Pilologus jeung Yulia, ka Nereus jeung dulurna nu awewe, ka Olimpas jeung ka anu aranut ka Allah, anu reujeung jeung maranehanana.

¹⁶Muga aranjeun silih aku silih pidulur. Aya deui salam ka aranjeun ti sakabeh jamaah Kristus.

¹⁷Kahade, dulur-dulur, sing arawas! Aya jelema-jelema anu rek ngabaruntakkeun, arek ngukusut kapercayaan aranjeun, arek ngagunasika pangajaran anutan aranjeun. Jarauhan!

¹⁸Kalakuan maranehanana lain kalakuan pikeun Gusti, tapi pikeun muaskeun karepna sorangan. Omonganana ngareunah, barisa ngolo, matak sasab jelema anu pikiranana bolostrong.

¹⁹Sim kuring kacida bungahna ku aranjeun, sabab ku sarerea geus kanyahoan aranjeun saratia kana pangajaran Injil Kasalametan. Sing palinter kana hal-hal anu hade, kajeun barodo kana hal-hal anu jahat.

²⁰Allah, sumber kabajaan urang, bakal gancang-gancang ngaremukkeun Iblis, pikeun idekeun aranjeun. Mugia aranjeun disarengan ku berkah ti Yesus Gusti urang.

²¹Aya salam ti Timoteus, sapagawean jeung sim kuring; jeung ti Lusius, ti Yason, ti Sopater, tiluanana sabangsa jeung sim kuring.

²²Sim kuring oge, Tertius, anu mangnuliskeun ieu surat, ngirim salam ka aranjeun, salam saiman.

²³Salam ti Gayus, tempat sim kuring numpang; imahna dipake tempat kumpulan

ku jamaah. Salam ti Erastus, bendaharawan kota; jeung ti Kuartus.

²⁴ Mugia Gusti urang Yesus Kristus ngaberkaahan ka aranjeun.

²⁵ Puji Allah, anu iasa neguhkeun iman aranjeun kana pangajaran Injil Kasalametan ngeunaan Yesus Kristus anu diwawardeun ku sim kuring. Ieu cocog jeung rarancang Allah anu ayeuna geus nyata, anu geus mangjaman-jaman dirasiahkeun.

²⁶ Urang terang kana hal eta teh tina tulisan nabi-nabi. Eta rasiah ku Allah nu sipat langgeng dipiwarang diembarakeun ka pirang-pirang bangsa, sina palercaya sarta aranut.

²⁷ Mulyakeun salalanggengna Allah Anu Maha Esa, maha wijaksana. Mulyakeun ku jalan percaya ka Yesus Kristus. Wassalam, Paulus

1 Korintus

1 ¹ Surat sim kuring Paulus, anu geus disaur ku pangersa Allah, dijadikeun rasulna Kristus Yesus.

² Kahatur jamaah Allah di Korinta, ka sakur anu geus disaur dijadikeun umat suci Allah, geus jadi kagungana-Na ku jalan ngahiji jeung Kristus Yesus, babarengan jeung anu di mana-mana anu nyarembah ka Kristus Yesus Gusti urang, Gusti maranehanana oge.

³ Sim kuring, jeung oge Sostenes, ngadoakeun mugia Allah Rama urang, jeung Gusti Yesus Kristus maparin rahmat salamet ka aranjeun.

⁴ Sim kuring teu pegat-pegat muji sukur ka Allah ku hal aranjeun, anu geus mareunang rahmat Allah ku jalan ngahiji jeung Kristus Yesus.

⁵ Sabab ku jalan kitu aranjeun jadi beunghar ku sagala rupa, tur perceka sarta rebo ku kanyaho.

⁶ Eta tandana warta hal Kristus teh geus nyerep enya-enya ka aranjeun,

⁷ nepi ka teu aya hiji berkah anu leupas ti aranjeun sajeroning ngadago-dago Gusti urang Yesus Kristus ebreh sumping.

⁸ Anjeunna tangtu mengkuhkeun iman aranjeun nepi ka ahir, supaya di mana

Poe sumpingna cunduk, aranjeun teu aya cawadeunana.

⁹Allah anu nuyun aranjeun ngahiji jeung Yesus Kristus Putra-Na teh bisa ku aranjeun diandel.

¹⁰Kalawan jenengan Gusti urang Yesus Kristus sim kuring meredih, aranjeun sing saluyu samupakat, ulah nepi ka pagetreng. Sing raket ngahiji, sahate jeung sapikir.

¹¹Sim kuring terang ti sawatara urang kulawarga Klo yen tetela pisan, aranjeun teh keur pagetreng.

¹²Maksud sim kuring, aranjeun masing-masing beda pamadegan. Ceuk nu saurang, "Kuring biluk ka Paulus"; ceuk nu saurang deui, "Kuring biluk ka Apolos"; ceuk nu sejen, "Kuring biluk ka Petrus"; ceuk nu sejen deui, "Kuring biluk ka Kristus."

¹³Kristus nepi ka dibagi-bagi! Naha Paulus kitu anu pupus disalib gaganti aranjeun teh? Aranjeun dibaptis teh naha supaya jadi murid-murid Paulus?

¹⁴Hadena sim kuring teu ngabaptis aranjeun saurang-urang acan, kajaba Krispus jeung Gayus.

¹⁵Anu matak moal aya anu nyebut-nyebut yen aranjeun dibaptis dijadikeun murid sim kuring.

¹⁶(Aya keneh ketah anu dibaptis ku sim kuring teh, Stepanus jeung kulawargana. Tapi salian ti eta mah asana teu aya deui.)

¹⁷ Kristus ngutus sim kuring teh lain pikeun ngabaptis, tapi pikeun nguarkeun Injil Kasalametan. Ari nguarkeunana lain ku kapinteran nyarita tina cara manusa, supaya ulah nepi ka matak ngagaplahkeun kakuatan kawasa pupusna Kristus dina salib.

¹⁸ Sabab ku jelema-jelema hukumeun mah warta hal Kristus pupus disalib teh dianggap omong kosong. Sabalikna pikeun urang anu geus disalametkeun ku Allah, hal eta teh taya lian ti kakawasaan Allah.

¹⁹ Kitab Suci nyebutkeun, "Kanyaho jalma palinter ku Kami rek dieuweuhkeun, pangarti kaom terpelajar rek dileungitkeun."

²⁰ Jadi pikeun naon aya nu palinter, aya kaom terpelajar, aya ahli-ahli sawala di ieu dunya? Ku Allah geus ditetelakeun kapinteran manusa teh taya lian ti omong kosong!

²¹ Sabab Allah anu bijaksana midamel, sangkan manusa mustahil bisa nyaho ka Mantenna ku kapinteranana sorangan. Sabalikna pikeun nyalametkeun umat-Na anu percaya teh ku hiji warta, nya eta anu diwawarkeun ku sim kuring sabatur-batur, anu ku dunya dianggap kabodoan.

²² Pikeun ngayakinkeun hal eta, urang Yahudi marenta tanda mujijat, urang Yunani ngarulik pangarti.

²³ Ari ku sim kuring sabatur-batur ngan disodoran wawaran hal Kristus disalib. Puguh

bae urang Yahudi asa dihina, bangsa lianna ngabodo-bodo.

²⁴ Tapi pikeun anu geus disalaur ku Allah boh urang Yahudi, boh nu lain Yahudi eta warta hal Kristus teh bukti tina kakawasaan jeung kabijaksanaan Allah.

²⁵ Sabab anu ku manusa dianggap kabodoan Allah, masih leuwih luhung ti batan kapinteran manusa; anu ku manusa dianggap kalemahan Allah, masih leuwih bedas ti batan kakuatan manusa.

²⁶ Inget dulur-dulur, kumaha kaayaan aranjeun waktu mimiti disalaur. Anu ceuk manusa pinter, atawa kawasa, atawa luhur harkat teh ngan saeutik bae.

²⁷ Ngahaja Allah milih anu ku dunya dianggap bodo, pikeun ngera-ngera anu palinter. Ngahaja milih anu ku dunya dianggap lemah, pikeun ngera-ngera anu garagah perkasa.

²⁸ Ngahaja Allah milih anu ku dunya dianggap hina, kuricakan, taya harga, pikeun ngaruntagkeun anu ku dunya diajen-ajen.

²⁹ Anu matak moal aya manusa anu bisa adigung di payuneun Allah.

³⁰ Aranjeun oge pang bisa ngahiji jeung Kristus Yesus teh ku sih kurnia Allah, ari Kristus ku Mantenna dijadikeun kabijaksanaan urang, tegesna kabijaksanaan urang teh asalna ti Kristus. Nya ku Anjeunna pang urang bisa diangken bener ku Allah teh, pang

urang jadi umat suci Allah, pang urang bisa bebas.

³¹ Ku sabab eta, "Lamun urang arek agul, kudu agul teh ngan ku anu geus dipidamel ku Gusti pikeun urang." Kitu ceuk Kitab Suci.

2 ¹Dulur-dulur! Waktu sim kuring datang ka aranjeun mawa warta maksad Allah anu tacan kabuka, henteu make kecap-kecap anu laluhur, halna henteu digede-gedekeun.

²Anu jadi tekad sim kuring salila di aranjeun lain rek nyaritakeun nu sejen, salian ti arek ngenalkeun Kristus, pangpangna hal pupus-Na lantaran disalib.

³Waktu datang ka aranjeun, sim kuring teh mani asa taya tangan pangawasa, awak ngadegdeg sieun.

⁴Sim kuring bisa nerangkeun hal eta teh lain tina kapinteran sorangan, tapi yakin tina kakawasaan Roh Allah.

⁵Jadi ku sabab kitu, pang aranjeun bisa percaya oge lain ku tina pinter-pinterna jelema anu nerangkeun, tapi ku karana kakawasaan Allah.

⁶Tapi ka jelema-jelema anu geus asak sual karohanianana mah sim kuring nerangkeun oge hal kabijaksanaan. Ngan lain kabijaksanaan urang dunya, lain kabijaksanaan anu karawasa di ieu dunya kakawasaan-kakawasaan anu bakal leungit kakawasaanana.

⁷ Anu disodorkeun ka maranehanana teh kabijaksanaan Allah anu gaib, anu can kabuka ku manusa, tapi ku Allah geus ditangtukeun ti memeh aya dunya, disadiakeun pikeun ngabagjakeun urang.

⁸ Anu karawasa di ieu dunya taya saurang-urang acan anu nyahoeun kana eta kabijaksanaan. Mun geus nyarahoeun ge sageuy maranehanana nyalibkeun Gusti nu maha agung.

⁹ Tina hal eta, kieu ceuk Kitab Suci, "Hal anu tacan katenjo, tacan kadenge, anu tacan kapikir-pikir acan ku manusa, malah hal eta anu ku Allah geus disadiakeun pikeun ngabagjakeun sakur anu nyaah ka Mantenna."

¹⁰ Tapi ka urang mah hal eta teh geus dinyatakeun ku Allah, ku Roh-Na. Sabab sagala rupa, nepi ka maksad-maksad Allah anu pangbunina oge ku eta Roh bisa kabuka.

¹¹ Kapan di manusa oge anu bisa nyaho kana kereteg hatena teh rohna sorangan keneh. Nya kitu, anu uninga kana sagala hal Allah teh ngan Roh Allah bae.

¹² Ari anu dipaparinkeun ka urang lain roh dunya ieu, tapi Roh asal ti Allah, supaya urang bisa terang kana sagala hal anu ku Allah geus dikurniakeun ka urang.

¹³ Ku sabab kitu, ari sim kuring nerangkeun hal-hal Allah ka jelema-jelema anu geus baroga Roh Allah teh henteu nurutkeun

pikiran sorangan, tapi nurutkeun pituduh Roh Allah.

¹⁴ Jelema anu teu ngabogaan Roh Allah mah moal bisa narima hal anu dinyatakeun ku eta Roh. Ku jelema anu kitu mah hal eta teh moal kahartieun, dianggap taya paedahna. Hal-hal rohani saperti kitu, ditimbangna ge kudu ku rohani deui.

¹⁵ Tapi jelema anu ngabogaan Roh Allah mah bisa neuleuman harti jeung maksud saniskara, sabalikna dirina sorangan moal kateuleuman ku nu sejen.

¹⁶ Sakumaha ceuk Kitab Suci, "Saha anu bisa neuleuman manah Pangeran? Saha anu bisa mere nasehat ka Mantenna?" Tapi urang mah kapan geus kaserepan ku panggalih Kristus.

3 ¹Saenyanan dulur-dulur, sim kuring can bisa nerangkeun ka aranjeun cara ka jelema anu geus boga Allah. Jadi kudu nerangkeun kawas ka nu sejen, anu kabeulit keneh ku hawa dunya, lantaran kapercayaan aranjeun ka Kristus teh lir orok keneh.

²Bareto sim kuring kakara bisa nginuman aranjeun ku susu, can bisa mere kadaharan anu teuas-teuas lantaran aranjeun can bisa meuweung. Malah nepi ka ayeuna ge aranjeun masih kitu keneh bae,

³lantaran hirup aranjeun masih keneh nurutkeun tabeat dunya. Silih dengkian, cekcok ngadu omong jeung pada batur, lain

nyirikeun masih keneh hirup nurutkeun hawa dunya ari kitu teh?

⁴Nu saurang nyebut, "Kuring pihak Paulus," nu saurang deui nyebut, "Kuring pihak Apolos." Lain kalakuan urang dunya ari kitu?

⁵Saha kitu ari Apolos, jeung saha ari Paulus? Duanana oge abdi Allah, anu ngajak aranjeun percaya ka Allah. Sim kuring jeung anjeunna pada-pada ngajalankeun kawajiban ti Gusti.

⁶Sim kuring anu melakeunana, Apolos anu nyiramanana, tapi anu ngajadikeunana mah Allah.

⁷Jadi anu penting teh Allah, anu ngajadikeunana. Anu melakeun jeung anu nyiramanana mah henteu penting,

⁸duanana sarua harkatna, sarta duanana ku Allah bakal diganjar nurutkeun beubeunangan digawena.

⁹Sabab sim kuring jeung Apolos teh sakawajiban, gawe babarengan ngawula ka Allah, ari aranjeun minangka lahan kagungan Allah. Jeung aranjeun teh oge ibarat gedong Allah.

¹⁰Sim kuring anu minangka ahli adegan masang pademenna nurutkeun pangabisa ti Allah, batur nu nyieun adeganana di luhur eta pademen beunang sim kuring. Anu ngadegkeun di luhur eta pademen kudu ati-ati ngadegkeunana.

¹¹Sabab geus ditangtukeun ku Allah ku manten, yen anu kudu jadi pademen eta

gedong teh Yesus Kristus, teu meunang make pademen sejen.

¹² Adegan anu diadegkeun di luhur eta pademen aya anu make emas, atawa perak, atawa batu-batu permata; aya oge anu make kayu, atawa jukut, atawa jarami.

¹³ Hasil pagawean masing-masing bakal kaciri dina Poean Kristus sumping deui. Sabab dina Poe eta beubeunangan masing-masing bakal kaciri sakumaha kakuatanana, sanggeus diuji ku seuneu.

¹⁴ Lamun adeganana tahan seuneu, nu nyieunna bakal nampa ganjaran.

¹⁵ Lamun adeganana beak ku seuneu, nu nyieunna bakal rugi, najan dirina salamet tapi lir anu kakara luput ti jero seuneu.

¹⁶ Tarerang yen diri aranjeun teh gedong Allah? Tarerang yen di jero diri aranjeun teh aya Roh Allah?

¹⁷ Jadi saha bae anu ngaruksak gedong Allah, tangtu ku Allah diruksak deui. Sabab gedong Allah teh suci, sarta anu jadi gedong Allah teh aranjeun.

¹⁸ Aranjeun ulah ngabobodo maneh. Lamun ti aranjeun aya nu boga rasa pinter ceuk ukuran dunya, kudu jadi jelema bodo supaya pinter enyaan.

¹⁹ Sabab anu ku dunya disebut pinter teh di payuneun Allah mah bodo, sakumaha ceuk Kitab Suci, "Allah ngajiret jelema pinter ku kapinteran jelemana sorangan."

²⁰Di bagian sejen disebutkeun, "Pangeran uninga, pipikiran jelema anu bijaksana teh gaplah."

²¹Ku sabab kitu aranjeun ulah ngugung-
ngugung manusa, sabab sagala rupa oge
geus jadi milik aranjeun:

²²Paulus, Apolos, Petrus, dunya ieu, hirup
jeung maot, jaman ieu, jaman engke, kabeh
geus kapiboga ku aranjeun,

²³ari aranjeun kagungan Kristus, Kristus
kagungan Allah.

4 ¹Anggap rasul-rasul teh kawula-
kawula Kristus anu kudu nerangkeun
maksad-maksad Allah anu tacan kabuka ku
dunya.

²Anu dipenta ti ieu kawula-kawula nya eta
satia ka dunungan.

³Sim kuring rek dituduh kumaha ge ku
aranjeun atawa ku nu sejen, pek bae. Sim
kuring sorangan teu bisa nangtukeun.

⁴Ceuk rarasaan mah sim kuring beresih,
tapi tacan tangtu teu boga salah. Anu kawasa
nangtukeun ngan Pangeran.

⁵Anu matak ari tacan waktuna mah ulah
waka nangtukeun batur salah. Dago nepi
ka Gusti sumping deui, Anjeunna nu bakal
ngaguarkeun sakur anu ayeuna buni, jeung
nembrakkeun sagala kereteg anu nyumput
dina pikiran manusa. Nya dina waktu eta
masing-masing jelema meunang pamuji anu
layak ti Allah.

⁶Dulur-dulur! Hal eta kabeh rek dilarapkeun ka sim kuring sorangan jeung ka Apolos pikeun nyontoan aranjeun, supaya aranjeun bisa diajar ngarti kana papatah kieu, "Ulah nimbang leuwih ti layakna." Jadi ulah ngugung-ngugung ka batur, ngarerendah ka nu lian.

⁷Saha anu ngaleuwihkeun aranjeun ti anu sejen? Ti saha pangaboga aranjeun ayeuna lamun lain ti Allah? Anu matak ku naon rek dipake dir, kawas ka nu lain kurnia Allah?

⁸Kutan aranjeun geus taya kakurang, geus baleunghar, geus jaradi raja? Rasul-rasul mah boro-boro. Muga-muga sing enya aranjeun jaradi raja, supaya rasul-rasul oge jaradi raja cara aranjeun.

⁹Sabab karasana ku sim kuring, rasul-rasul mah ku Allah diteundeun di nu panghinana, kawas nu rek dihukum paeh hareupeun jalma rea, jadi tongtoneun manusa sajagat jeung para malaikat.

¹⁰Ku karana Kristus, rasul-rasul mah jelema-jelema barodo, teu cara aranjeun anu ngahiji jeung Kristus palinter! Rasul-rasul lalemah, aranjeun mah garagah. Rasul-rasul dicela, aranjeun mah dipuja-puja. Rasul-rasul dihinakeun, aranjeun mah diagungkeun!

¹¹Tepi ka waktu ieu ge rasul-rasul mah kalaparan, kahanaangan, barangpake rubag-rabig, utrak-atrok teu boga tempat;

¹²awak asa pasiksak ku gawe beurat. Ka nu nyumpahan, rasul-rasul ngabales ku ngaberkahan; dikaniaya, rasul-rasul mah bati pasrah;

¹³dipoyokan, rasul-rasul mah kudu angger amis budi. Rasul-rasul mah nepi ka ayeuna ge teu leuwih ti runtah anu ngabalaan jagat, barang piceuneun!

¹⁴Nulis kieu soteh lain rek sindir sampir ka aranjeun, tapi rek mamatahan cara ka anak kanyaah.

¹⁵Sabab sanajan upama aranjeun boga guru sapuluh rebu anu mapatahkeun hirup Kristen, ari bapa mah ngan hiji. Dina hirup aranjeun ngahiji jeung Kristus Yesus, sim kuring teh lir bapa aranjeun, lantaran sim kuring anu nepikeun Injil Kasalametan ka aranjeun.

¹⁶Ku sabab kitu pek ieu bapa aranjeun teh piconto.

¹⁷Tumali jeung eta sim kuring ngutus Timoteus ka aranjeun. Dina hal anut ka Gusti, Timoteus bisa dipercaya, sim kuring mah geus asa ka anak teges. Ku sim kuring dititah ngingetan deui aranjeun hal jalan hirup sim kuring sanggeusna percaya ka Kristus, jalan anu ku sim kuring diajarkeun di unggal jamaah di mana-mana.

¹⁸Aya sawatara jelema anu jadi kumaki di aranjeun, dumeh ceuk panyangkana sim kuring moal ka dieu.

¹⁹ Padahal geus tangtu sim kuring datang moal lila deui oge, lamun dipareng ku Gusti. Hayang nyoba naon kakuatanana pang karumaki teh, ulah ngan kalah ka omong.

²⁰ Sabab hirup di Karajaan Allah mah kudu dibuktikeun ku daya hirupna, lain ku omonganana.

²¹ Pilih mana suka! Upama engke sim kuring datang, aranjeun hayang dibere pangajaran ku kakerasan atawa ku lemah lembut jeung kaasih?

5 ¹ Saenyanan sim kuring meunang laporan yen di aranjeun aya anu boga kalakuan kabina-bina aebna, urang kapir oge moal kitu-kitu teuing, jinah jeung indung tere!

² Ari aranjeun malah jadi laluhur hate. Kuduna mah melenguk, prihatin, jeung kaluarkeun jelema kitu teh ti aranjeun.

³ (5: 3-4) Sanajan raga sim kuring pajauh, ari lelembutan mah aya di aranjeun; jadi ayeuna oge moal beda ti upama jonghok di aranjeun, sim kuring kalawan nyebut jenengan Gusti Yesus rek ngaragragkeun hukuman ka jelema anu nyieun kalakuan sakitu aebna. Lamun aranjeun geus kumpul sarta dibarengan ku lelembutan sim kuring, kalawan kakawasaan Yesus Gusti urang,

⁴ (5: 3)

⁵ serenkeun eta jelema ka Iblis, kajeun ragana sina binasa, dapon rohna salamet engke dina Poean Gusti sumping.

⁶Salah aranjeun garumede teh! Aranjeun tangtu terang hartina papatah, "Ku ragi saeutik saadonan beukah kabeh."

⁷Piceun ragi dosa anu bulukan teh, supaya aranjeun mulus beresih lir adonan anyar anu bebas ragi. Sabab Pesta Paska urang geus mimiti: Kristus anu diibaratkeun domba Paska geus dikurbankeun.

⁸Hayu Paska teh urang pestakeun ku roti anu bebas ragi, anu ngalambangkeun kamulusan hirup anu kamanah ku Allah, ulah dipestakeun ku roti anu make ragi bulukan, ragi dosa jeung kadorakaan.

⁹Dina surat nu ti heula sim kuring geus ngomat-ngomatan ulah campur jeung jelema anu teu boga susila.

¹⁰Ieu lain hartina ulah campur jeung umat brahala, atawa jeung jelema hawek, atawa jeung anu tuna susila, atawa jeung bangsat, atawa jeung jelema nu nyarembah arca-arca. Teu meunang campur jeung nu karitu mah sarua jeung ulah cicing di dunya.

¹¹Nu dimaksud teh ulah campur jeung jelema anu ngaku saiman tapi kalakuanana nirca, ingkar tina susila, atawa hawek, atawa nyembah ka arca, atawa tukang mitenah, atawa resep mabok, atawa bangsat. Diuk bareng dahar oge jeung jelema kitu mah ulah!

¹²(5: 12-13) Ngahukum jelema-jelema anu lain umat Kristus lain urusan sim kuring, Allah

ku manten anu wenang. Tapi para anggota jamaah, lain kudu ku anggota jamaah deui diuruskeun hukumanana? Kapan ceuk Kitab Suci oge, "Singkirkeun jelema doraka ti maraneh."

¹³(5:12)

6 ¹Lamun aya urang Kristen cekcok jeung urang Kristen deui, naha make kudu diadukeun ka hakim anu lain umat Allah, lain sina diuruskeun ku sasama umat Allah?

²Naha tacan tarerang umat Allah bakal nimbang perkara ieu dunya? Ku sabab bakal nimbang perkara ieu dunya, naha make teu sanggup nguruskeun perkara-perkara anu teu pira?

³Naha tacan tarerang urang engke bakal nimbang perkara malaikat-malaikat? Komo deui tangtu bisa nguruskeun perkara-perkara dina kahirupan sapopoe.

⁴Upama aya perkara-perkara saperti kitu, naha make sina diuruskeun ku jelema anu sama sakali teu aya patalina jeung jamaah?

⁵Ngerakeun! Sahenteuna di aranjeun tangtu aya saurang-urangeun anu bijaksana, anu bisa ngabeberes pacekcokan antara sasama Kristen!

⁶Ulah sabalikna, urang Kristen ngadakwa urang Kristen deui ka pihak nu lain Kristen!

⁷Cekcok jeung papada aranjeun keneh ge geus nyirikeun yen aranjeun gagal.

Lain leuwih hade aranjeun sorangan anu disalahkeun atawa anu dirugikeun ku batur?

⁸Sabalikna, aranjeun malah silih salahkeun sarta silih rugikeun jeung pada batur, malah jeung dulur-dulur sorangan!

⁹Sageuy aranjeun tacan tarerang, jelema jahat moal bisa jadi umat Karajaan Allah. Ulah ngabobodo maneh. Jelema anu ingkar tina susila, atawa anu nyembah ka brahala, atawa anu jinah, atawa lalaki sapatemon jeung lalaki deui,

¹⁰atawa anu maling, atawa anu hawek, atawa bangsat moal jadi umat Karajaan Allah.

¹¹Bareto sabagian aranjeun aya anu hirupna kitu. Tapi ayeuna aranjeun geus dinyatakeun beresih tina dosa, geus jaradi kagungan Allah, geus diangken bener ku Allah, lantaran percaya ka Gusti Yesus Kristus, jeung ku karana kakawasaan Roh Allah urang.

¹²Aya anu ngomong, "Kuring rek kitu rek kieu ge meunang." Memang, tapi henteu kabeh anu dimeunangkeun aya mangpaatna. Sim kuring oge bisa ngomong kitu, rek kitu rek kieu meunang, tapi sim kuring mah embung dibudakkeun ku naon oge.

¹³Aya anu ngomong, "Dahareun keur eusi beuteung, beuteung eusianeun dahareun." Bener, tapi duanana ku Allah bakal dieuweuhkeun. Raga lain pikeun sapatemon anu ingkar tina susila, tapi pikeun

ngalalayanan Gusti, Gusti anu miara raga urang.

¹⁴Allah geus ngahirupkeun deui Gusti tina maot, kakawasaana-Na bakal ngahirupkeun urang oge.

¹⁵Aranjeun tarerang, raga urang teh jadi bagian anggahota tina salira Kristus. Wenang sim kuring make salah sahiji anggahota salira-Na, dipake sapatemon jeung awewe palacuran? Paliyas!

¹⁶Atawa bisi aranjeun tacan tarerang, lalaki anu sapatemon jeung awewe palacuran teh badanna jadi hiji jeung awewena. Hal ieu eces diterangkeunana dina Kitab Suci, "Duanana jadi sadaging."

¹⁷Tapi saha-saha anu nyatunggalkeun diri ka Gusti, rohna jeung Roh Anjeunna jadi ngahiji.

¹⁸Pahing lacur! Dosa-dosa sejen anu dipigawe ku jelema, dosana ka nu aya di luareun ragana sorangan. Tapi dosa tina lacur mah dosa ka ragana sorangan.

¹⁹Aranjeun kudu tarerang, raga aranjeun teh tempat tinggalna Roh Suci, Roh paparin ti Allah, dilinggihkeun di jero diri aranjeun. Diri aranjeun lain boga aranjeun, tapi kagungan Allah.

²⁰Aranjeun teh ku Allah geus digaleuh, dibayarna lunas, anu matak raga aranjeun kudu dipake ngamulyakeun Allah.

7 ¹Ayeuna ngeunaan masalah anu ditulis dina surat aranjeun. Lalaki alus lamun teu kawin.

²Tapi ku sabab loba gogoda, leuwih hade kawin, boga pamajikan sorangan, awewe boga salaki sorangan.

³Salaki kudu nyumponan kawajiban ka pamajikan, pamajikan kudu nyumponan kawajiban ka salaki, duanana kudu silih sugemakeun.

⁴Pamajikan taya hakna ka dirina, dirina hak salakina. Salaki ge taya hakna ka dirina, dirina hak pamajikanana.

⁵Sare ulah papisah, kajaba sawaktu-waktu upama arek tapakur, tapi masing-masing kudu satuju heula. Sanggeusna mah kudu raket reujeung deui, netepan kawajiban laki rabi, supaya henteu kagoda ku Iblis ku lantaran henteu kuat ngabendung napsu.

⁶Sakadar nasehat bae ieu mah, lain parentah.

⁷Saenjana sim kuring leuwih satuju lamun aranjeun cara sim kuring, teu karawin. Tapi da bakat urang ti Allah teh beda-beda, nu itu kitu nu ieu kieu.

⁸Ayeuna nasehat pikeun anu tacan kawin, jeung awewe randa. Hadena mah angger nyorangan cara sim kuring.

⁹Tapi ari teu tahan mah pek bae kawin, sabab ti batan marudah napsu mending kawin.

¹⁰Pikeun anu eukeur laki rabi, ieu aya nasehat. Lain ti sim kuring, tapi nasehat ti Gusti. Pamajikan teu meunang ninggalkeun salaki.

¹¹Tapi lamun nepi ka ninggalkeun kudu tetep lelengohan, atawa alusna mah balik deui ka salaki, kitu deui salaki teu meunang nyerahkeun pamajikan.

¹²Nasehat ka anu sejenna (ieu mah nasehat ti sim kuring, lain ti Gusti): Lamun salakina Kristen, pamajikanana lain tapi daek hirup babarengan, ulah diserahkeun.

¹³Lamun pamajikanana Kristen, lalakina lain tapi daek hirup babarengan, ulah menta pepegatan.

¹⁴Sabab sanajan salakina lain umat nu percaya, tapi ku sabab ngahiji jeung pamajikanana anu Kristen, ku Allah ditampi. Kitu keneh pamajikan anu lain umat percaya, ku sabab hirup ngahiji jeung salakina anu Kristen, ku Allah ditampi. Sabab lamun henteu kitu barudakna tangtu kawas barudak tuna agama, padahal barudakna teh kagungan Allah.

¹⁵Tapi lamun salah saurang anu lain Kristen hayang pegat ti batur hirupna anu Kristen, ulah dihalang-halang, pegatkeun bae, meunang. Dina hal kieu, boh lalakina boh awewena anu Kristen bisa bebas, sabab kahoyong Allah umat-Na teh hirup rukun.

¹⁶Sabab anjeun, bojo anu percaya ka Kristus, kumaha rek bisa ngarasa pasti yen moal bisa nyalametkeun salaki? Kitu keneh salaki anu Kristen, kumaha rek bisa ngarasa pasti yen moal bisa nyalametkeun pamajikan?

¹⁷Masing-masing kudu hirup nuturkeun panuyun Allah, sakumaha anu geus diatur ku Mantenna waktu masing-masing mimiti disaur. Hal ieu diajarkeun ku sim kuring di unggal jamaah.

¹⁸Upamana, jelema anu waktu disaur ku Allah enggeus disunat, teu kudu ihtar supaya tanda sunatna leungit. Jelema anu waktu disaur ku Allah tacan disunat, ulah menta disunat.

¹⁹Disunat teu disunat teu jadi sual, nu utama mah nurut kana parentah-parentah Allah.

²⁰Sing tetep-tetep hirup sakumaha waktu mimiti meunang panyaur Allah.

²¹Lamun keur waktu disaur keur jadi abdi, teu kudu jadi pikiran. Ngan lamun aya kasempatan bebas, eta kasempatan gunakeun.

²²Sabab hiji abdi anu geus disaur ku Gusti, tanda yen jelema bebas kagungan Gusti. Kitu keneh jelema bebas anu geus disaur ku Kristus, dirina teh abdi Anjeunna.

²³Aranjeun teh ku Allah geus digaleuh mahal, anu matak ulah jadi abdina sasama manusa.

²⁴ Kitu dulur-dulur, sing tetep-tetep aya di Allah sakumaha kaayaan waktu disaur ku Mantenna.

²⁵ Ayeuna sual nu tacan karawin. Tina sual ieu sim kuring teu meunang pituduh naon-naon ti Gusti. Tapi ku karana rahmat Gusti, sim kuring bisa bae dipercaya, rek mere nasehat.

²⁶ Ngingetkeun ayeuna teh jaman susah, ceuk pangrasa sim kuring mah nu tacan karawin teh mending tetep lalagasan.

²⁷ Geus kawin? Ulah pepegatan. Can kawin? Tong hayang boga pamajikan.

²⁸ Tapi kawin oge teu naon-naon, henteu dosa. Awewe ge nya kitu keneh, anu tadina lengoh tuluy kawin teu naon-naon, henteu dosa. Ngan kawin teh loba karepot, unggal poe loba uruseun. Karunya sim kuring mah, hayang aranjeun ulah boga karidu.

²⁹ Kieu sababna: Ieu jaman teh geus cueut. Jadi ti ayeuna keneh anu geus baroga pamajikan kudu cara nu teu boga;

³⁰ anu ceurik ulah kaciri nalangsa, anu seuri ulah kaciri meunang kabungah, anu barangbeuli ulah asa geus boga naon-naon,

³¹ anu icikibung dina pausahaan ulah siga aya patalina jeung eta. Sabab dunya ieu dina kaayaanana kiwari, umurna moal lila deui.

³² Kahayang sim kuring aranjeun ulah aya karidu naon-naon. Lalaki anu teu kawin tangtu bisa museurkeun pikiran kana hal-hal

anu tumali jeung Gusti, pikeun nyenangkeun manah-Na.

³³ Ari geus rumah tangga mah tangtu teu kaur kitu balas ngurus rumah tangga, malar pamajikanana senangeun hatena;

³⁴ pikiranana jadi ngarancabang. Awewe anu teu kawin atawa parawan, bisa laluasa ngawulakeun diri ka Gusti, ngabaktikeun jiwa ragana. Ari boga salaki mah tangtu moal kaur kitu, repot ku urusan rumah tanggana, malar kapake ku salakina.

³⁵ Nganasehatan soteh hayang ngentengkeun. Lain ngalarang kitu ngalarang kieu, hayang memener hirup aranjeun, supaya aranjeun bisa museurkeun pikiran ka Gusti.

³⁶ Lamun aya lalaki anu mutuskeun moal tulus kawin padahal eukeur tunangan, kieu: Lamun eta lalaki ngarasa putusanana kitu teh ngaraheutan hate kakasihna, tur manehna ge geus teu kuat hayang kawin, ngarasa wajib ngawin kakasihna, kawin bae. Eta lain dosa.

³⁷ Tapi lamun putusan hatena moal kawin teh lain putusan kapaksa sarta bener henteu kawin, memang kitu hadena, asal kuat.

³⁸ Cindekna, lalaki anu kawin teh alus, tapi anu henteu kawin leuwih alus.

³⁹ Awewe anu kawin katalian ku salakina sapanjang salakina hirup keneh. Meunang engke kawin deui ka lalaki kasukana, lamun

salakina geus maot, tapi kudu ka urang Kristen keneh.

⁴⁰Tapi bakal leuwih bagja lamun manehna tetep lelengohan. Kitu pangrasa sim kuring, anu ceuk rarasaan mah meunang ngalelempeng Roh Allah.

8¹Ayeuna sual susuguh pikeun brahala, anu ku aranjeun ditulis dina surat. Aya anu majar, "Urang mah kabeh geus nyaho." Puguh nyaho tea mah. Tapi kanyaho teh nungtun kana takabur, sabalikna ari kanyaah mah ngawangun kapribadian.

²Anu majar geus loba kanyaho teh saenyana kanyahona can sabaraha.

³Sabalikna jelema anu enya-enya nyaah ka Allah, tangtu ku Allah dikenal.

⁴Sual ngadahar susuguh pikeun brahala, kieu: Urang terang brahala teh ngagambarkeun hal anu saenyana mah teu aya. Urang terang, Allah teh ngan hiji.

⁵Memang aya anu disebut "allah-allah", aya nu di langit, aya nu di bumi. Malah nu disebut "allah" jeung "gusti" teh loba.

⁶Tapi pikeun urang mah tetep Allah teh hiji, anu jumeneng Rama, anu ngajadikeun saniskara, tempat ngabaktikeun hirup urang; jeung ngan hiji Gusti, nya eta Yesus Kristus, anu jadi lantaran ayana saniskara, anu ngalantarankeun urang hirup.

⁷Henteu kabeh jelema nyaho kana hal ieu. Jelema anu baretona nyembah ka brahala,

nepi ka ayeuna oge masih keneh percaya susuhu anu disuguhkeun ka brahala teh ngan dahareun brahala. Jadi lamun ngadahar eta manehna ngarasa dosa. Pang kitu teh lantaran kayakinanana tacan ajeg.

⁸Padahal saenyana kadaharan mah moal bisa leuwih ngaraketkeun hirup urang ka Allah. Teu ngadahar moal rugi, ngadahar moal untung.

⁹Tapi omat, najan aranjeun geus nyaho yen meunang ngadahar eta, ulah matak batur anu kayakinanana tacan ajeg labuh kana dosa.

¹⁰Kieu contona: Lamun aranjeun anu geus "nyaraho" kana hal eta, katenjoeun ku anu imanna tacan ajeg keur dahar dina upacara di tempat brahala, bisa jadi eta jelema teh asa dicontoan nepi ka tuluy ngawani-wanikeun maneh milu ngadahar kadaharan anu geus disuguhkeun ka brahala.

¹¹Lamun nepi ka kitu, eta jelema, dulur urang keneh, anu oge geus disalametkeun ku karana pupusna Kristus, tangtu cilaka. Eta "kanyaho" aranjeun teh nyilakakeun manehna.

¹²Sarta ku lantaran kitu aranjeun oge jadi dosa, geus ngalantaran batur sasama Kristen labuh kana dosa jeung ngaraheutan kayakinanana anu kurang ajeg.

¹³Nu matak sim kuring mah lamun nyaho aya kadaharan atawa daging anu matak ngaraheutan hate batur, atawa matak

ngalantarankeun batur dosa, saumur hirup ge moal ngadahar.

9 ¹Ari sim kuring naha lain jelema bebas? Naha lain rasul? Naha sim kuring tacan kungsi ningal Yesus Gusti urang? Ari aranjeun lain bukti pagawean sim kuring pikeun Gusti?

²Sanajan upama ku nu sejen sim kuring teu diaku rasul, ku aranjeun mah tangtu diaku! Hirup aranjeun ngahiji jeung Gusti, kapan eta teh hiji bukti yen sim kuring enya rasul.

³Jadi lamun aya anu mado, rek dijawab kieu:

⁴Lain geus sapantesna sim kuring digawe teh meunang dahareun, meunang inumeun?

⁵Naha teu meunang sim kuring nurutan rasul-rasul sejen jeung saderek-saderek Gusti kitu deui Petrus, indit-inditan dibaturan ku pamajikan sasama Kristen?

⁶Atawa ku naon ngan Barnabas jeung sim kuring bae anu kudu nyiar kipayah sorangan?

⁷Prajurit mana anu neangan sorangan keur pibalanjaeunana? Patani mana anu melak anggur teu ngadahar buah anggur pelakna? Pangangon mana anu henteu nginum cisusu domba piaraanana?

⁸Ieu conto-conto tina sapopoe lain ceuk sim kuring bae, ceuk Kitab Suci oge kitu.

⁹Sim kuring maca dina Kitab Musa kieu, "Sapi anu keur dipake ngirik ulah diborongsongan." Eta anu diperhatoskeun ku Allah teh sapi,

¹⁰atawa urang? Anu dimaksud ku eta pangandika memang urang. Anu ngawuluku, anu ngirik, tangtu ngaharep meunang bagian tina pagaweanana.

¹¹Sim kuring duaan jeung Barnabas geus nyebarkeun binih rohani di aranjeun. Naha kaleuleuwihan upama tina eta pagawean meunang pamulang sipat lahir ti aranjeun?

¹²Upama anu sejen meunang nagih hakna ka aranjeun, komo sim kuring. Sanajan kitu sim kuring tacan kungsi nagih hak. Sabab upama hal eta matak ngalantarankeun macetna pangwawaran Injil Kasalametan, kajeun sim kuring nandangan walurat.

¹³Aranjeun tarerang, anu digarawe di Bait Allah mareunang daharna ti Bait Allah; anu digarawe natakeun kurban dina altar, mareunang bagian tina eta kurban.

¹⁴Anu ngawawarkeun Injil Kasalametan oge kawas kitu, ku Allah diatur kudu meunang napkah tina eta pagawean.

¹⁵Tapi eta hak-hak sim kuring hiji ge tacan aya anu digunakeun. Ieu oge nulis kieu, lain rek nagih hak keur sorangan. Ti batan kitu mah mending paeh bae. Sim kuring geus sugema, jeung moal aya anu bisa mupus eta kasugemaan.

¹⁶Teu meunang sim kuring nonjolkeun maneh pedah ngawawarkeun Injil Kasalametan, sabab ngawawarkeun eta teh geus jadi kawajiban.

¹⁷ Lamun ngawawarkeunana lantaran karep sorangan, kakara sim kuring meunang ngarep-ngarep pamulangna. Tapi ieu mah kawajiban, Allah geus mercayakeun eta pangwawaran ka sim kuring.

¹⁸ Naon upahna? Nya eta hak meunang ngawawarkeun eta Injil Kasalametan teu karana dibayar, teu ngarasa perlu nagih hak.

¹⁹ Sim kuring jelema bebas, lugina, lain abdi saha-saha, tapi ngahaja ngabdiikeun diri ka jalma rea, lantaran hayang meunangkeun jalma rea pikeun Kristus.

²⁰ Keur ngawawarkeun di urang Yahudi, hirup sim kuring cara urang Yahudi supaya hatena bisa kabeuli pikeun Kristus. Ngawawarkeun ka jelema-jelema anu diparentah ku Hukum Musa, sim kuring sanajan henteu katalian ku eta, ngalakonan hirup kawas anu kabawah ku hukum-hukum eta, supaya maranehanana kabeuli hatena.

²¹ Nya kitu keneh, ngawawarkeun ka anu lain Yahudi, hirup sim kuring cara hirup maranehanana anu luareun Hukum Agama Yahudi, supaya hate maranehanana kabeuli. Sim kuring kitu lain teu nurut kana parentah-parentah Allah, malah hirup sim kuring teh ngajalankeun parentah-parentah Kristus.

²² Ka jelema anu hatena hamham keneh, sim kuring nurutan kawas kitu, supaya hatena katarik. Pikeun nu itu sim kuring kudu

kawas kitu, pikeun nu ieu kudu kawas kieu, supaya bisa meuli hatena, sugar bae ku jalan kitu bisa nyalametkeun maranehanana saeutik-eutikeun.

²³Eta kabeh dilakonan pikeun ngamashurkeun Injil Kasalametan bari ngalap berkahna.

²⁴Loba anu milu balap, ari nu meunangkeun hadiahna mah ngan saurang.

²⁵Anu rek milu balap kudu ngalatih diri enya-enya supaya meunang, bisa ngarebut makuta kembang tanda kajuaraan. Eta sakadar balap ngarebut tanda kaunggulan anu umurna moal lila. Komo balap anu dilakonan ku sim kuring pikeun ngarebut tanda kaunggulan anu langgeng,

²⁶kudu leuwih satekah polah lumpat sakuat-kuat, nuju ka garis tungtung. Lamun dina ngadu tonjok mah ulah aya panonjok anu meleset.

²⁷Awak kudu dipolah, dilatih, disayagakeun, kudu geus apal kumaha molahkeunana; ulah hanas ka batur ngajak, tapi bari sorangan teu kapake lantaran teu nyumponan sarat.

10¹Inget dulur-dulur, kajadian anu keuna ka karuhun urang waktu maranehna nuturkeun Musa. Maranehna dijaga ku mega, salamet meuntasan Laut Beureum.

²Pikeun jadi umatasuheun Musa maranehna dibaptis di jero mega jeung di jero laut.

³Dalaharna kabeh sarua, roti rohani,

⁴ngarinumna kabeh sarua, inuman rohani
anu bijil tina batu karang rohani, anu
ngabarengan maranehna sapanjang jalan.
Eta batu karang rohani teh Kristus ku anjeun.

⁵Tapi sanajan kitu, kalolobaanana mah
maranehna teh ngalantarankeun Allah teu
senang manah-Na. Balukarna maranehna
tinggolepak maraot, mayit-mayitna balatak
bacar di gurun keusik.

⁶Eta kabeh jieun pieunteungeun, ulah
mikahayang hal-hal anu matak doraka cara
maranehanana,

⁷ulah nyarembah brahala kawas sabagian
maranehanana. Kitab Suci nyebutkeun, "Eta
jelema-jelema dariuk dahar nginum, tuluy
marotah marabok inuman jeung igel-igelan."

⁸Ulah nyieun kalakuan aeb kawas sabagian
maranehanana, balukarna dua puluh tilu rebu
urang ti maranehanana maraot di jero sapoe.

⁹Urang ulah ngadoja ka Pangeran kawas
sabagian maranehanana, balukarna
maranehanana maraot dipacok oray.

¹⁰Urang ulah gegelendeng ka Pangeran
kawas sabagian maranehanana, balukarna
maranehanana dibasmi ku Malaikat Maot.

¹¹Eta kajadian-kajadian anu keuna ka
maranehanana teh pikeun conto ka nu sejen,
mepelingan ka urang anu hirup dina jaman
ahir.

¹²Ulah rasa maneh geus nangtung ajeg. Anu
boga rasa kitu kudu ati-ati bisi tigubrag.

¹³Unggal cocoba anu kasorang ku aranjeun kabeh oge jamak kaalaman ku sarerea. Tapi Allah anu tigin kana jangji-Na, moal ngantep aranjeun meunang cocoba leuwih tina kakuatan. Satiap aranjeun meunang cocoba, ku Mantenna dipaparin kakuatan jeung jalan kaluarna.

¹⁴Ku sabab kitu dulur-dulur, omat ulah nyarembah ka brahala.

¹⁵Pek ieu omongan sim kuring teh lalenyepan, da aranjeun teh jelema ngalarti.

¹⁶Waktu urang nginum anggur tina lumur dina Jamuan Gusti anu ku urang disukurkeun ka Allah, eta ciri urang kaserepan ku getih Kristus. Roti anu ku urang dipecah-pecah didahar dina eta Jamuan, ciri diri urang ngahiji jeung salira Kristus.

¹⁷Ku sabab roti anu didahar dina eta Jamuan teh tina roti anu sasiki, eta nyirikeun yen urang sanajan loba ge tunggal sahiji sabadan.

¹⁸Tengetkeun urang Israil: Anu dalahar kurban haturkeuneun ka Allah tina altar, nya eta jelema-jelema anu ngahijkeun hirupna kana eta altar.

¹⁹Naon ieu maksud sim kuring? Rek malibir nyebutkeun yen brahala atawa susuguhna aya hartina?

²⁰Lain kitu! Maksud eta ucapan kieu: Kurban anu disuguhkeun dina altar umat brahala lain dihaturkeun ka Allah, tapi disuguhkeun ka

roh-roh jahat. Sim kuring nyarek aranjeun ngahiji jeung roh jahat.

²¹ Sabab lamun aranjeun nginum tina lumur pikeun roh jahat, teu meunang nginum tina lumur Gusti; lamun aranjeun ngadahar susuhuh pikeun roh jahat, teu meunang ngadahar Jamuan Gusti.

²² Kajaba ari rek mapanas ka Gusti mah! Lamun kitu, naha manusa teh leuwih kuat ti batan Anjeunna?

²³ "Urang mah kumaha ge meunang," kitu ceuk nu ngaromong. Eta enya. Tapi henteu kabeh anu dimeunangkeun teh hade. "Kumaha ge meunang" henteu kabeh anu dimeunangkeun bisa nulung.

²⁴ Ulah hayang senang sorangan, ragangan hate batur.

²⁵ Aranjeun meunang ngadahar masakan daging naon bae anu dijual di pasar, teu kudu curiga nanyakeun.

²⁶ Sabab ceuk Kitab Suci, "Bumi jeung sagala eusina kagungan Pangeran."

²⁷ Upama diondang dahar ku anu henteu saagama sarta aranjeun nedunan pangondangna, naon susuhuhna dahar ulah asa-asa, ulah nanyakeun naon-naon, teu kudu curiga.

²⁸ Tapi lamun aya anu ngaharewosan, "Ieu masakan urut nyuguh brahala," eta masakan ulah didahar, tanda nganuhunkeun geus dibejaan jeung demi kayakinan;

²⁹lain kayakinan sorangan, tapi kayakinan jelema nu ngabejaan. "Wah," kitu meureun ceuk salah saurang, "kuring bebas, naha make kudu kahalangan ku kayakinan batur?"

³⁰Ieu dahareun ku kuring geus disukurkeun ka Allah. Kuring geus muji sukurnanuhunkeun ieu rejeki ti Allah, naha make teu meunang ngadahar?"

³¹Eta kieu: Urang boh dahar boh nginum, salawasna kudu reujeung maksud ngamulyakeun ka Allah.

³²Ku jalan kitu urang moal nepi ka ngalantarankeun batur labuh kana dosa, boh urang Yahudi, boh nu lain urang Yahudi, kitu deui jamaah Allah.

³³Kitu sim kuring mah, hayang ulah ngaraheutan hate batur, dina sagala rupa hal sok ngaraskeun ka nu sejen, tara hayang senang sorangan, lantaran hayang nyalametkeun maranehanana.

11 ¹Kudu kitu, turutan sim kuring, saperti sim kuring nurutan tuladan Kristus.

²Nuhun aranjeun aringet ka sim kuring sarta tigin kana pangajaran sim kuring.

³Tapi aya keneh anu aranjeun perlu terang, nya eta: Kristus teh sirah sakabeh lalaki; salaki sirah pamajikan; Allah mastaka Kristus.

⁴Dina kumpulan ibadah, lalaki anu sembahyang atawa ngumumkeun amanat Allah make tutup sirah, eta ngahina ka Kristus.

⁵ Sabalikna awewe dina kumpulan ibadah, lamun sembahyang atawa ngumumkeun amanat Allah henteu make tutup sirah, eta ngahina ka salaki, taya bedana ti awewe anu digundulan.

⁶ Sabab lamun awewe henteu daek make tiung leuwih hade ngagunting buukna. Tapi awewe mah kapan hina lamun sirahna dicukur atawa buukna digunting teh, anu matak kudu make tiung.

⁷ Lalaki teu perlu make tutup sirah, sabab lalaki teh gambar Allah katut kaagungana-Na. Ari awewe gambar kamulyaan lalaki,

⁸ sabab lain lalaki anu dijadikeun ti awewe, tapi awewe anu dijadikeun ti lalaki.

⁹ Lalaki dijadikeunana lain pikeun awewe, tapi awewe anu dijadikeunana pikeun lalaki.

¹⁰ Ku sabab kitu awewe kudu make tiung sirah, pikeun nyirikeun aya dina bawahan kakawasaan salakina, jeung tanda mandang ka para malaikat.

¹¹ Tapi sanajan kitu ge pikeun urang mah anu hirup di Gusti, awewe henteu lesot ti lalaki, lalaki henteu lesot ti awewe.

¹² Sabab sanajan awewe dijadikeun ti lalaki, tapi lalaki oge dijurukeun ku awewe, sarta pang aya saniskara teh Allah anu ngajadikeunana.

¹³ Pek ku aranjeun rarasakeun, naha pantes dina pakumpulan, awewe sembahyang ka Allah teu make tiung sirah?

¹⁴Alam sorangan netelakeun yen buuk panjang pikeun lalaki mah teu pantes.

¹⁵Sabalikna pikeun awewe mah malah jadi kaendahan. Buukna nu panjang teh kapan pikeun nutup sirahna.

¹⁶Upama aya anu ngabantah kana hal ieu, jawabanana kieu: Urang mah, kitu deui jamaah Allah, teu boga adat sejen salian ti eta.

¹⁷Dina hal anu rek ditetek ayeuna, aranjeun lain pujieun. Aranjeun ari karumpulan, ti batan jadi hade malah jadi goreng.

¹⁸Aya anu bebeja ka sim kuring. Kahiji, aranjeun dina kumpulan teh papecah jadi sababaraha gumplukan anu pakia-kia. Sim kuring percaya ieu beja aya benerna.

¹⁹Teu sak deui aranjeun teh geus papecah, nepi ka engke katembong saha-saha anu bener.

²⁰Waktu aranjeun kumpul bareng, eta anu didalahar ku aranjeun teh saenyana lain Jamuan Gusti.

²¹Da dina waktu dahar teh aranjeun paheula-heula nyokotan keur diri sorangan, nepi ka nu sawareh angger lapar, sawareh deui nepi ka marabok kaseubeuhan.

²²Ku naon henteu dalahar heula di imah, kawas teu baroga imah bae? Rek ngarendahkeun jamaah Allah? Atawa rek ngera-ngera anu mariskin? Eta kalakuan

aranjeun kudu kumaha disebutna ku sim
kuring? Pujieun ari kitu? Boro-boro!

²³ Sabab kieu conto ti Gusti anu katampa ku sim kuring mah: Gusti Yesus dina peutingan dihianat, nyandak roti hiji,

²⁴ sarta sanggeusna muji sukur ka Allah, rotina terus disemplekan dibagikeun, sarta ngalahir kieu, "Ieu teh daging Kami, tampanan pikeun maraneh. Lampahkeun saterusna pikeun ngingetkeun ka Kami."

²⁵ Kitu keneh sanggeusna tuang, Anjeunna nyandak lumur anggur, sarta ngalahir kieu, "Ieu anggur perjangjian Allah anu anyar, anu dikukuhkeun ku getih Kami. Lampahkeun saterusna. Satiap-tiap maraneh nginum ieu, maksudna pikeun nginget-nginget Kami."

²⁶ Jadi saban aranjeun dahar roti ieu jeung nginum anggur ieu, tanda aranjeun ngamashurkeun pupusna Gusti nepi ka mangsa Anjeunna sumping deui.

²⁷ Ku sabab kitu, anu dahar roti ti Gusti jeung nginum anggur ti Gusti ku cara anu teu pantes, eta jelema teh dosa kana salira jeung getih Gusti.

²⁸ Jadi anu rek milu kana eta perjamuan kudu mariksa heula dirina, kakara meunang dahar eta roti jeung nginum eta anggur.

²⁹ Sabab milu dahar eta roti jeung nginum eta anggur tapi henteu ngarasa yen eta teh salira jeung getih Gusti, sarua jeung nangtang hukuman ti Allah.

³⁰Eta sababna pang aranjeun loba anu kurang sehat, garering malah aya anu maraot.

³¹Lamun mariksa diri heula masing-masing mah ku Allah moal dihukum.

³²Tapi sanajan kitu ge Allah mah ngahukum teh maksad-Na ngadidik, supaya urang ulah kabaud ku hukuman anu bakal keuna ka ieu dunya.

³³Ku sabab kitu dulur-dulur, dina Perjamuan Gusti teh urang kudu silih dagoan.

³⁴Ari sieun kaburu lapar mah dahar bae heula di imah, supaya dina Perjamuan ulah matak meunang hukuman ti Allah. Sakitu heula. Sual-sual sejaenna engke bae diterangkeunana ari sim kuring ka dieu.

1 2¹ Ayeuna sual kurnia-kurnia ti Roh Suci anu ditanyakeun ku aranjeun tea. Memang aranjeun kudu terang kana hal eta, dulur-dulur!

²Waktu tacan jadi umat Kristus, aranjeun nyarembah ka brahala anu bisa taya hirupna. Tangtu ayeuna karasa eta teh salah.

³Aranjeun kudu tarerang, jelema anu diaping ku Roh Suci moal sanggupeun nyumpahan "Yesus sing disapa!" jeung moal aya anu bisa ngaku "Yesus teh Gusti", lamun henteu ditungtun ku Roh Suci.

⁴Kurnia anu sipatna rohani teh rupa-rupa, tapi kabeh asal ti Roh anu hiji.

⁵Carana ngabdi rupa-rupa, ari nu diabdianana mah Gusti anu hiji.

⁶Jelema anu ngabdi ka Gusti boga kamampuh masing-masing, eta kamampuh asalna ti Allah anu hiji.

⁷Urang masing-masing ku Roh Suci anu nyicingan diri urang dipaparin kamampuh anu mandiri, tapi kabeh pikeun pimangpaateun jalma rea.

⁸Ku eta Roh aya anu dipaparin kamampuh pinter nyarita, aya anu dipaparin kamampuh bisa nerangkeun maksud dawuhan Allah.

⁹Ku eta Roh aya anu dipaparin kayakinan anu luar biasa, aya anu dipaparin kamampuh bisa nyageurkeun kasakit.

¹⁰Ku eta Roh aya anu dipaparin kamampuh bisa nyieun kaajaiban-kaajaiban, aya anu dipaparin kamampuh bisa ngawejang, aya anu dipaparin kamampuh bisa ngabedakeun kamampuh anu asal ti eta Roh jeung anu asalna lain ti eta Roh. Aya anu dipaparin kamampuh bisa nyarita dina basa-basa anu ajaib, aya anu dipaparin kamampuh bisa nerangkeun hartina eta basa-basa.

¹¹Eta kamampuh-kamampuh kabeh asalna ti Roh eta keneh. Maparinna ka masing-masing beda-beda, kumaha kersana eta Roh.

¹²Kristus teh lir hiji badan rupa-rupa bagianana, sanajan babagianana rupa-rupa, wujud badanna mah hiji.

¹³Urang oge kitu, nu Yahudi, nu lain Yahudi, nu kumawula, nu merdeka, ku eta Roh geus dibaptis dijadikeun sabadan jeung Kristus, sarta urang kabeh geus dibere nginum Roh nu hiji tea.

¹⁴Badan anu hiji teh henteu ngan hiji bagian bae, tapi babagianana teh loba.

¹⁵Ku sabab kitu sanajan upamana ceuk suku, "Kami mah teu kaasup badan da lain leungeun," teu bisa dilain-lain yen suku lain bagian badan.

¹⁶Sanajan upamana ceuk ceuli, "Kami mah teu kaasup badan da lain mata," teu bisa disebutkeun yen ceuli lain babagian badan.

¹⁷Lamun rupa sakujur awak ngan panon bae hiji, kumaha rek bisaeun ngadenge? Atawa ngan ceuli bae hiji, kumaha rek bisaeun ngambeu?

¹⁸Memang kitu mistina, tiap babagian badan anu rupa-rupa teh ku pangersa Allah ditempatkeun samistina.

¹⁹Lain ge awak ari ngan sabagian mah!

²⁰Nya kitu, babagianana loba, awakna mah hiji.

²¹Ku sabab kitu panon moal bisaeun ngomong ka leungeun, "Kami teu butuh ku maneh!" Sirah moal bisaeun ngomong ka suku, "Kami teu butuh ku maneh!"

²²Sabalikna lamun babagian anu sigana teu pira teh teu aya, urang moal bisa kua-kieu.

²³Jeung eta babagian-babagian anu jigana teu pira teh dipalirena ku urang leuwih ti nu sejen. Kitu deui babagian anu katembongna kurang alus, ku urang leuwih diurus.

²⁴Babagian-babagian anu bangunna geus alus mah henteu mikabutuh perhatian deui. Badan teh geus kitu disusunna ku Allah, nepi ka babagian anu sigana teu pira teh meunang panghargaan anu layak.

²⁵Ku sabab kitu disusunna badan teh henteu misah-misah, sakabeh babagianana nu hiji ka nu hiji deui aya pakuat-pakaitna.

²⁶Upama aya hiji bagian anu nyeri, kabeh bagian ngarasa nyeri. Upama nu hiji didama-dama, nu sejenna oge milu ngarasa genah.

²⁷Aranjeun teh kabeh Salira Kristus, masing-masing jadi babagianana.

²⁸Di jero jamaah, Allah nempatkeun umat-Na nurutkeun kumaha layakna. Di nu kahiji rasul-rasul, di nu kadua nabi-nabi, di nu katilu guru-guru, ti dinya terus jelema-jelema anu barisa nyieun kaajaiban, terus anu barisa nyageurkeun kasakit, terus anu barisa mere pitulung, anu barisa nungtun ka nu sejen, anu barisa nyarita ku basa-basa anu ajaib, anu barisa nerangkeun hartina eta basa-basa.

²⁹Henteu kabeh jadi rasul, henteu kabeh jadi guru, henteu kabeh jadi nabi, henteu kabeh bisa nyieun kaajaiban,

³⁰ henteu kabeh bisa nyageurkeun kasakit, henteu kabeh bisa nyarita make basa-basa anu ajaib, henteu kabeh bisa nerangkeun hartina eta basa-basa.

³¹ Ihtiarkeun supaya meunang anu leuwih ti eta. Tapi pangutamana mah turutkeun ieu papatah sim kuring.

1 3 ¹Sanajan upama sim kuring bisa ngajar make rupa-rupa basa manusa, atawa malah bisa make basa malaikat, ari teu nyaah ka batur mah pangajaran sim kuring teh teu beda ti sora goong atawa genta, harus tapi taya hartina.

² Sanajan upama sim kuring boga kamampuh bisa ngawejang, sugih ku pangarti, telik ngarti ka nu gaib-gaib, boga iman anu teguh nepi ka bisa mindahkeun gunung, ari teu nyaah ka batur mah sim kuring teh teu aya hartina naon-naon.

³ Sanajan upama sim kuring nyidekahkeun sagala pangaboga ka nu mariskin, malah sanajan nepi ka awak diduruk jadi kurban, ari teu nyaah ka batur mah gaplah teu aya gunana.

⁴ Sipatna kanyaah teh sabar jeung alus budi. Teu sirikan, teu gumeude, teu takabur.

⁵ Sipatna kanyaah teh tara goreng tata, tara mentingkeun maneh, tara ngajengkelkeun batur, tara ngunek-ngunek ku kasalahan batur.

⁶Sipatna kanyaah teh teu resepeun kana hal nu jahat, resepeunana kana hal anu bener,

⁷tawekal dina sagala cocoba, kapercayaanana, pangharepanana, jeung kasabaranana moal aya pegatna.

⁸Kanyaah teh sipatna langgeng, moal laas-laas. Piwejang-piwejang ngan pikeun saheulaanan, kamampuh bisa basa-basa anu ajaib bakal aya eureunna, kamampuh bisa telik ka nu gaib-gaib bakal aya ahirna.

⁹Sabab kanyaho jeung kamampuh bisa ngawejang anu dipaparinkeun ka urang teh tacan lengkep, tacan sampurna,

¹⁰ku sabab kitu lamun anu sampurna geus datang, anu teu sampurna bakal leungit.

¹¹Waktu budak keneh, sim kuring ngomong teh sakumaha budak, rarasaan sakumaha rarasaan budak, mikir sakumaha budak. Ayeuna sanggeus kolot, sipat-sipat jeung kabiasaan budak teh dipiceun.

¹²Anu ayeuna katingal ku urang teh lir kalangkang di jero eunteung, samar-samar. Engke mah anu katingal teh anu saenyana. Anu ayeuna sim kuring terang kakara saeutik, engke bakal terang ka anu lengkepna, sakumaha Allah oge lengkep uninga-Na ka sim kuring.

¹³Tinggal tilu rupa anu bakal tetep aya nya eta iman, pangharepan, jeung kanyaahan. Anu pangutamana ti ieu anu tilu nya eta kanyaahan.

14¹ Ku sabab eta ihtarkeun supaya aranjeun boga kanyaahan. Jeung usahakeun supaya meunang kurnia Roh, pangpangna kurnia kamampuh bisa nerangkeun dawuhan-dawuhan Allah.

²Anu ngomong ku basa anu ajaib, basa Roh, ngomongna lain ka manusa tapi ka Allah, da manusa mah teu aya anu ngartieun kana omonganana. Anu diucapkeunana ngan Allah anu uninga, ngucapkeunana oge lantaran kajurung ku Roh Allah.

³Sabalikna anu nerangkeun dawuhan-dawuhan Allah mah ngomongna ka sasama manusa, aya pulunganeunana, matak teger, matak lipur.

⁴Anu ngomong ku basa Roh ngan matak teger soranganana. Sabalikna anu nerangkeun dawuhan-dawuhan Allah mah matak seger sajamaah.

⁵Sukur lamun aranjeun kabeh bisa ngomong ku basa Roh. Tapi leuwih sukur lamun aranjeun mampuh nerangkeun dawuhan-dawuhan Allah. Anu boga kamampuh kieu tempatna leuwih utama ti batan anu mampuh ngomong ku basa Roh. Omongan basa Roh kakara aya mangpaatna ka sajamaah, lamun aya anu bisa nerangkeun hartina.

⁶Coba upama sim kuring engke ka dieu ngomong ku basa Roh, bakal aya mangpaatna ka aranjeun? Sama sakali moal aya. Sejen deui upama sim kuring nerangkeun wahyu

ti Allah, atawa nerangkeun hal Allah, atawa ngawejang, atawa ngajar.

⁷ Tatabeuhan anu teu nyawaan, upamana suling atawa kacapi, lamun ditabeuhna teu puguh naha bakal kanyahoan sorana lagu naon?

⁸ Contona deui, lamun tarompet perang ditiupna sambarangan teu puguh, saha anu rek maju jurit?

⁹ Nya kitu keneh lamun aranjeun ngomong ku basa Roh anu teu puguh unina, saha nu rek ngarti? Omongan aranjeun jadi leungit ku angin.

¹⁰ Basa di dunya teh rupa-rupa, tapi hiji ge teu aya anu teu boga harti.

¹¹ Tapi lamun aya anu ngajak ngomong ka sim kuring make basa anu ku sim kuring teu kaharti, sim kuring asing ka manehna, manehna asing ka sim kuring.

¹² Aranjeun anu kacida harayangna meunang kamampuh ti Roh Allah kudu alihtiar, supaya anu dipaparinkeun teh pangpangna anu bisa dipake pikeun ngabantu ngamajukeun jamaah.

¹³ Ku sabab eta lamun rek ngomong ku basa Roh kudu neneda heula ka Allah supaya sakalian bisa nerangkeun hartina.

¹⁴ Sabab kieu: Upama sim kuring ngadoa ku basa Roh, anu ngadoa teh ngan roh sim kuring bae, pikiran mah teu milu ngadoa.

¹⁵Jadi kudu kumaha? Kieu sim kuring mah: Lamun ngadoa ku basa Roh, diteruskeun ngadoa make pikiran. Pupujian kitu keneh, roh pupujian, pikiran oge pupujian.

¹⁶Lamun jelema awam milu ngadengekeun aranjeun sembahyang muji sukur ka Allah make basa Roh anu ku manehna teu kahartieun, naha manehna bakal ngucapkeun "Amin" kana pamuji sukur aranjeun? Moal, lantaran teu ngartieun.

¹⁷Sanajan doa pamuji sukur aranjeun kacida alusna, pikeun manehna mah sama sakali teu aya paedahna.

¹⁸Sim kuring muji sukur ka Allah bisa make rupa-rupa basa nu ajaib leuwih ti batan aranjeun.

¹⁹Tapi di jero kumpulan mah sim kuring mending make lima kecap anu bisa kaharti ku batur, ti batan rebuan kecap anu araneh teu matak kaharti.

²⁰Ulah kawas budak pikiran teh dulur-dulur! Kudu kawas budak soteh kana hal-hal anu jahat, pikiran mah kudu sawawa.

²¹Dina Kitab Suci ditulis, "Kami rek ngandika ka umat Kami, dawuhan Pangeran, make jalma-jalma anu ngaromongna ku basa-basa anu ajaib. Malah Kami rek ngandika ka umat Kami ku biwir jalma-jalma urang asing. Tapi sanajan kitu ge maranehna moal ngadenge ka Kami."

²²Eta tanda kurnia kamampuh ngomong ku basa-basa Roh teh pikeun jelema-jelema anu tacan percaya, lain pikeun anu geus palercaya. Sabalikna kurnia kamampuh ngawejangkeun dawuhan Allah mah pikeun anu geus palercaya, lain pikeun anu tacan percaya.

²³Coba, upama aranjeun keur kumpulan, kabeh ngaromong ku basa-basa anu aneh, tuluy aya jelema sejen anu lain umat percaya asup, tangtu ceuk manehna aranjeun teh garelo!

²⁴Sabalikna lamun aranjeun keur ngawejangkeun dawuhan Allah, eta anu keur diwejangkeun teh bisa ngageuing nepi ka manehna ngarasa kana dosana. Anu kadenge ku ceulina teh

²⁵bisa ngalantarankeun manehna nembrakkeun eusi hatena, ngarendahkeun diri ngabakti ka Allah sarta ngaku, "Sayaktosna, Allah aya di aranjeun!"

²⁶Dulur-dulur! Ngabakti ka Allah dina kumpulan teh kudu kieu: Nu saurang pupujian, nu saurang ngajar, nu saurang ngucapkeun wahyu ti Allah, nu saurang make basa Roh, nu saurang nerangkeun hartina eta omongan. Sagala-galana kudu reujeung maksud ngamajukeun jamaah.

²⁷Lamun aya anu rek ngomong ku basa Roh, duaan atawa panglobana tiluan, kudu

bagilir. Tapi anu diomongkeunana kudu aya
anu nerangkeun hartina.

²⁸ Lamun teu aya anu bisa nerangkeun,
ngomong ku basa Roh kudu eureun,
teruskeun di jero hate bae.

²⁹ Anu meunang warta ti Allah, kudu
ngucapkeun eta warta, nu sejenna
ngaregepkeun.

³⁰ Tapi lamun ti nu karumpul aya deui anu
meunang warta ti Allah, anu ti heula kudu
eureun.

³¹ Aranjeun bisa pilgenti ngucapkeun warta
ti Allah, supaya bisa silih wurukan jeung silih
kuatkeun kapercayaan.

³² Warta ti Allah kudu beres diucapkeunana
ku anu meunang eta ilham,

³³ sabab Allah teh resepeun kana kaberesan,
teu resepeun ka nu kusut. Sakumaha
kabiasaan di sakabeh jamaah Allah,

³⁴ wanita di jero pajemuhan kudu repeh.
Wanita teu meunang nyoara; kitu nurutkeun
Hukum urang Yahudi, wanita teu meunang
pipilueun.

³⁵ Lamun aya tanyakeuneun lantaran hayang
nyaho, tanyakeun ka salaki bae lamun geus
aya deui di imah. Hina wanita mah nyarita di
jero pajemuhan teh.

³⁶ Atawa naha ari pangandika Allah teh
asal ti aranjeun? Atawa datangna ngan ka
aranjeun wungkul?

³⁷ Jelema anu ngarasa kailhaman warta ti Allah, atawa ngarasa meunang kurnia anu sipatna rohani, kudu ngaku yen ieu anu dituliskeun ku sim kuring dina ieu surat teh estu parentah ti Gusti.

³⁸ Tapi lamun manehna henteu daekeun malire kana ieu hal, ku aranjeun henteu kudu dipalire.

³⁹ Jadi, dulur-dulur, sing boga kadaek pikeun ngucapkeun warta ti Allah, bari jeung ulah ngahalang-halang batur anu rek ngucapkeun omongan ku basa-basa anu ajaib.

⁴⁰ Tapi sagala prakprakanana kudu sing rapih, sing beres entep-entepanana.

15¹ Sim kuring rek ngingetkeun aranjeun kana Injil Kasalametan, anu diwartakeun ku sim kuring, anu ku aranjeun geus ditarima jeung dipercaya enya-enya.

²Eta warta anu diajarkeun ka aranjeun teh nya eta Injil Kasalametan. Upama aranjeun teguh kana eta hal, tangtu salamet. Kajaba lamun ceuk aranjeun taya gunana percaya.

³ Hal anu katampa ku sim kuring teh diwartakeunana ka aranjeun sakumaha anu kaungel dina Kitab Suci, pangpangna hal pupusna Kristus ku karana dosa urang.

⁴ hal dikurebkeuna-Na, hal dihirupkeuna-Na deui sanggeus tilu poe pupus sakumaha anu kaungel dina Kitab Suci,

⁵ hal nembongana-Na ka Petrus, hal nembongana-Na ka dua belas rasul,

⁶hal nembongana-Na ka anu sok ngariring ka Anjeunna, sakali jadi ka anu reana leuwih ti lima ratus urang, anu nepi ka ayeuna aya anu harirup keneh, aya anu geus maraot;

⁷hal nembongana-Na ka Yakobus, jeung hal nembongana-Na deui ka dua belas rasul.

⁸Pangahirna nembongan ka sim kuring, sanajan sim kuring teh lir jelema anu dijurukeunana mahiwal.

⁹Di antara rasul-rasul, sim kuring rumasa panghandapna, lantaran tadina jadi tukang nganiaya jamaah Allah.

¹⁰Bisa jadi saperti ayeuna oge ngan ku karana rahmat Allah. Rahmat Mantenna ku sim kuring henteu ditatambuh. Malah sim kuring mah ngalakonan pagawean rasul teh leuwih getol ti batan rasul-rasul sejen. Tapi bisa kitu soteh ngan ku karana rahmat Allah keneh anu nyarengan sim kuring dina pagawean.

¹¹Aranjeun ayeuna geus percaya, teu jadi sual anu ngawawarkeunana mah, boh sim kuring, boh rasul-rasul sejen.

¹²Tapi ku naon sakitu geus ecesna ditetelakeun yen Kristus geus dihirupkeun deui, di aranjeun aya omongan majar anu geus maot moal dihirupkeun deui?

¹³Ari anu geus maraot moal dihirupkeun deui mah tangtu Kristus oge henteu hirup deui.

¹⁴ Lamun Kristus henteu dihirupkeun deui, atuh teu aya anu kudu diwawardeun, sarta teu aya hal anu kudu dipercaya ku aranjeun.

¹⁵ Malah upama enya kitu, pangajaran rasul-rasul hal Allah geus ngahirupkeun deui Kristus teh bohong.

¹⁶ Lamun enya anu geus maraot moal dihirupkeun deui, tangtu Kristus oge moal dihirupkeun deui.

¹⁷ Lamun Kristus henteu dihirupkeun deui, kapercayaan aranjeun ngan sakadar panglamunan, sarta aranjeun tetep bakal cilaka ku dosa.

¹⁸ Sarta upama enya kitu, jelema-jelema anu percaya ka Kristus teh sanggeus maraot terus teu hudang deui.

¹⁹ Lamun pangharepan urang ka Kristus ngan keur salila hirup anu ayeuna, teu leuwih ti kitu, atuh ti sakabeh manusa di dunya urang teh manusa anu pangcilaka-cilakana.

²⁰ Hal anu saenyana mah nya eta Kristus teh geus digugahkeun ti nu maraot, sarta hal ieu nanggung yen anu geus sarare dina maot teh kabeh bakal diharudangkeun deui.

²¹ Sabab sakumaha halna maot dilantarankeun ku manusa saurang, pihudangeunana anu geus maraot oge dilantaran ku manusa saurang.

²² Sakumaha halna sakabeh manusa kudu maot lantaran geus kagolongkeun ka Adam, nya kitu oge sakabeh anu geus maraot bakal

dihirupkeun deui lantaran ngagolong ka Kristus.

²³Tapi masing-masing kudu nurutkeun giliranana: Kristus anu ti heula; engke, dina waktu Anjeunna sumping deui, kakara giliran anu aranut ka Anjeunna.

²⁴Geus kitu datang poe kiamat. Harita Kristus bakal nalukkeun sakabeh pamarentahan gaib, sakabeh kawasa, sakabeh kakuatan, tuluy nyerenkeun Karajaan ka Allah anu jumeneng Rama.

²⁵Kristus kudu terus nyepeng pamarentahan, nepi ka sakabeh musuh ku Allah ditalukkeun kana sampean Kristus.

²⁶Musuh anu pangpandeurina ditalukkeun nya eta maot.

²⁷Dina Kitab Suci ditulis, "Saniskara kabeh ku Allah geus ditalukkeun." Geus tangtu anu disebut "saniskara" teh Allah ku manten mah henteu kaasup, lantaran nya Mantenna anu nalukkeun saniskara, ditalukkeun ka Kristus.

²⁸Tapi sanggeus kabeh taluk ka pamarentahan Kristus, Anjeunna ku anjeun, Putra Allah, bakal nalukkeun anjeun ka Allah anu nalukkeun saniskara ka Anjeunna. Allah ku manten anu bakal murba ka sakabeh.

²⁹Lamun anu maot moal dihirupkeun deui, naon gunana jelema dibaptis ku karana anu geus maot? Ngarep-ngarep naon? Lamun enya nu geus maot moal dihirupkeun

deui saperti ceuk sawareh, pikeun naon maranehanana dibaptis ku karana nu geus maot?

³⁰ Pikeun naon deui sim kuring jeung rasul-rasul sejen nepi ka kudu nangtang baha ya unggal usik?

³¹ Unggal poe sim kuring nyanghareupan baha ya pati teh, dulur-dulur! Tapi teu nanaon, lantaran aranjeun enggeus ngahiji jeung Kristus Yesus Gusti urang.

³² Lamun ngan nurutkeun timbangan manusa bae mah naon untungna sim kuring di Epesus sasat kudu tarung jeung sato-sato galak? Sabab lamun bener nu geus maot moal dihirupkeun deui, nya mending sakumaha ceuk kacapangan, "Hayu urang nyatu nginum, da isukan mah urang paraeh."

³³ Aranjeun ulah kabobodo. Sabab, "Pergaulan goreng ngaruksak sipat nu hade."

³⁴ Pake pikiran sehat, geura eureun tina lampah doraka. Kudu arera, di aranjeun aya anu teu nyaraho ka Allah.

³⁵ Bisa jadi aya anu nanyakeun, "Kumaha ngahirupkeunana deui anu geus maraot? Make badan anu kumaha engkena?"

³⁶ Pananya anu bodo! Binih oge dipelak teh paeh heula supaya hirup.

³⁷ Lamun anjeun melakkeun binih, binih gandum atawa binih naon bae, anu dipelak teh sikina, lain anu geus lengkep jadi tangkal anu kari ngagedean.

³⁸Kawas kumaha engke tangkalna,
Allah anu ngatur. Pitangkaleun unggal
binih ku Mantenna geus ditangtukeun
saeukeurna-saeukeurna.

³⁹Badan mahluk-mahluk anu nyawaan
henteu kabeh sarua. Manusa badanna kieu,
sasatoan badanna kitu, manuk, lauk, badanna
beda-beda deui.

⁴⁰Kitu deui wujud anu aya di langit jeung
wujud anu aya di bumi. Kaendahan wujud
anu di langit beda jeung kaendahan wujud
anu aya di bumi.

⁴¹Kaendahan panopoe beda jeung
kaendahan bulan. Bentang-bentang boga
kaendahan sorangan, antara bentang jeung
bentang deui oge kaendahanana henteu
sarua.

⁴²Kitu oge halna badan jelema anu geus
maraot lamun geus dihirupkeun deui. Badan
anu dikubur teh sipatna henteu langgeng,
ari badan anu geus dihirupkeun deui sipatna
abadi.

⁴³Keur dikuburna badan teh nya goreng
rupana nya taya dayana, ari geus dihirupkeun
deui mah nya endah nya gagah.

⁴⁴Waktu dikuburna badan teh sipatna
jasmani, alami, ari geus dihirupkeun deui
mah sipatna rohani. Jadi ku sabab aya badan
anu sipatna jasmani, tangtu aya badan anu
sipatna rohani.

⁴⁵ Sabab dina Kitab Suci ditulis, "Manusa anu kahiji, nya eta Adam, jadi mahluk hirup," tapi Adam anu ahir mah nya eta Roh anu ngahirupkeun.

⁴⁶ Anu datang ti heula teh anu sipatna jasmani, lain rohani. Anu sipatna rohani mah datangna pandeuri.

⁴⁷ Adam kahiji dijadikeunana tina taneuh, asal ti ieu bumi. Ari Adam kadua mah asal ti sawarga.

⁴⁸ Sakur nu asal ti bumi, kabeh sarua jeung Adam kahiji anu dijadikeun tina taneuh. Sakur anu asal ti sawarga sarua jeung Anjeunna anu asal ti sawarga.

⁴⁹ Sakumaha urang ayeuna make badan anu kaayaanana kawas manusa anu dijadikeun tina taneuh, engke urang bakal make badan anu kaayaanana kawas Manusa anu asal ti sawarga.

⁵⁰ Maksud sim kuring kieu dulur-dulur: Sipat daging jeung getih moal bisa dibawa ka Karajaan Allah, anu sipatna teu langgeng moal bisa dibawa ka anu sipatna langgeng.

⁵¹ Sim kuring rek ngabejakeun ieu rasiah: Urang teh moal waka maot kabeh, tapi urang kabeh bakal dirobah.

⁵² Kajadianana ngadadak di jero sakiceup mata waktu sangkakala ditiup panganggeusan. Waktu eta sangkakala ditiup, anu geus maraot bakal dihirupkeun

deui, moal keuna deui ku maot, sarta kabeh kaayaanana dirobah.

⁵³Anu sipatna teu langgeng diganti ku anu sipatna langgeng, anu tadina keuna ku maot dirobah ku anu sipatna teu keuna ku maot.

⁵⁴Sanggeus hal eta kajadian, sanggeus anu sipatna teu langgeng dirobah jadi langgeng, bakal bukti anu ditulis dina Kitab Suci, "Maot geus dibasmi. Kaunggulan geus beunang!"

⁵⁵"He maot, mana kakawasaan maneh?
Mana peurah panyeureud maneh?"

⁵⁶Peurah maot asalna tina dosa, ari kakawasaan dosa asalna tina Hukum Agama.

⁵⁷Tapi puji sukur ka Allah! Mantenna geus maparin kaunggulan ka urang ku jalan Gusti urang Yesus Kristus.

⁵⁸Ku sabab kitu dulur-dulur kudu teger jeung pengkuh, kudu garetol, rajin ngalakonan kawajiban pikeun Gusti. Sabab aranjeun nyaho yen sakur lampah aranjeun pikeun Gusti moal aya anu mubadir.

16¹Hal aranjeun rek ngumpulkeun
duit sumbangkeuneun ka umat Allah
di Yudea, pake cara anu ku sim kuring
dipituahkeun ka Jamaah di Galata.

²Unggal poe Minggu aranjeun masing-
masing kudu nyengcelengan sakadugana,
nurutkeun pangala. Duitna kumpulkeun,
supaya ari sim kuring datang duitna geus aya.

³Engke ari sim kuring geus di dieu eta sumbangan kari nganteurkeun ka Yerusalem, anu ngalanteurkeunana rek dibahanan surat.

⁴Bisi diperlukeun mah sim kuring oge daek ngabarengan indit.

⁵Pidatangeun sim kuring ka aranjeun teh sanggeusna ti Makedoni, sabab sim kuring arek make jalan ka Makedoni.

⁶Di aranjeun tangtu ngendek heula sawatara waktu, kawasna salila usum tiris.

⁷Jadi sim kuring lain ngan sakadar rek nyimpang, tapi hayang rada lila. Mugia Allah marengkeun.

⁸Tapi nepi ka poe Pentakosta mah rek di Epesus bae heula,

⁹sabab loba kasempetan pikeun ngajalankeun hal-hal anu parenting, sanajan loba anu bakal ngahalang-halang.

¹⁰Lamun Timoteus datang aku sing bener supaya betaheun, sabab manehna oge digawe pikeun Gusti cara sim kuring.

¹¹Ku aranjeun ulah dimomorekeun. Dina waktu rek mulangna deui ka sim kuring ku aranjeun kudu dibantu. Ku sim kuring jeung ku dulur-dulur sejenna keur kacida diarep-arepna.

¹²Apolos geus sababaraha kali dijujurung manggihan aranjeun bareng jeung nu sejenna, tapi bingbaneun keneh. Ari geus rineh mah tangtu anjeunna ka dieu.

¹³Didoakeun aranjeun sing waspada jeung tetep percaya.

¹⁴Sakur anu dilampahkeun ulah tinggal ti kanyaah.

¹⁵Aranjeun tangtu warawuh ka Stepanus sakulawarga, urang Ahaya anu pangheulana jaradi Kristen, sarta geus ngabaktikeun dirina pikeun ngalalayanan umat Allah.

¹⁶Sing narurut ka anjeunna. Jelema nu kawas anjeunna, kitu deui anu ngabarantu ka anjeunna, memang pantes lamun diturut.

¹⁷Sukur aranjeunna, Stepanus, Portunatus, jeung Akaikus, geus araya di aranjeun. Sim kuring kacida bungahna lantaran asa kawakilan sabot sim kuring can datang.

¹⁸Aranjeunna lir panghurip pikeun sim kuring, kitu deui pikeun aranjeun. Jelema-jelema saperti aranjeunna pantes diajenan.

¹⁹Aya salam ti jamaah-jamaah di propinsi Asia. Salam ti Akwila jeung Priskila kitu deui ti anggota-anggota jamaah anu nyieun kumpulan di imahna.

²⁰Salam ti sakabeh dulur-dulur sejenna. Sing silih bageakeun, silih pikasono, silih pidulur.

²¹Panambahna salam anu ditulisna ku sim kuring sorangan: Salam ti sim kuring, Paulus.

²²Saha-saha anu teu nyapheun ka Gusti, mugia sing meunang hukuman ti Allah! Maranata Gusti, geura sumping!

²³ Mugi-mugi aranjeun dirahmat ku Gusti Yesus.

²⁴ Sakieu surat sim kuring, anu nyaah ka aranjeun ku karana Kristus Yesus. Wassalam, Paulus

2 Korintus

1 ¹Serat kahatur dumateng jamaah Allah di Korinta jeung umat Allah di sakuliah Ahaya. Sim kuring Paulus, anu ku pangersa Allah dijadikeun rasulna Kristus Yesus, babarengan jeung dulur urang, Timoteus, mangnedakeun aranjeun ka Allah,

²mugia aranjeun dipaparin rahmat salamet ti Allah Rama urang jeung ti Gusti Yesus Kristus.

³Puji kasanggakeun ka Allah, Ramana Gusti urang Yesus Kristus, Rama anu maha welas, sarta anu maparin kategeran hate ka manusa.

⁴Dina kasusahan anu kumaha bae oge batin sim kuring ku Allah disina teger, sarta ku sabab ditegerkeun ku Mantenna, sim kuring oge bisa negerkeun ka batur anu eukeur nandang kasusah.

⁵Ku lantaran sim kuring sering nandang kasangsaraan anu karandapan ku Kristus, nya ku karana Kristus oge batin sim kuring kacida ditegerkeunana ku Allah.

⁶Upama sim kuring nyandang sangsara, eta teh pikeun aranjeun, pikeun pijamugaeun aranjeun; saupama sim kuring meunang pitulung, aranjeun oge jadi katulungan, bisa sabar jeung kuat nandangan sangsara saperti anu kasorang ku sim kuring.

⁷ Kapercayaan sim kuring ka aranjeun dina ieu hal henteu galideur, yen aranjeun oge mun pareng nyandang kasangsaraan saperti anu keuna ka sim kuring bisa teger cara sim kuring.

⁸ Dulur-dulur! Sim kuring miharep aranjeun terang kumaha sangsarana sim kuring di wilayah Asia, cocoba anu kaalaman teh kacida gedena jeung beuratna, nepi ka geus teu ngarepkeun bisa keneh hirup,

⁹ asa geus prak diragragan hukum pati. Tapi kajadian kitu teh saenyana mah jadi pangeling-eling supaya sim kuring ulah dirinya kudu ngandel ka Allah bae anu iasa ngahirupkeun deui anu geus maot.

¹⁰ Nya Mantenna anu ngaleupaskeun sim kuring tina bahya pati anu sakitu gedena teh. Ka hareupna oge tangtu Mantenna bakal mitulung deui, nya Mantenna anu ku sim kuring seja dipuntangan.

¹¹ Sim kuring yakin yen ku paneda aranjeun keur sim kuring teh, Allah baris nyalametkeun deui sim kuring tina bahya. Ari loba anu mangnedakeun mah tangtu baris dikabulkeun, sarta Allah bakal maparinkeun kurnia-Na, nepi ka loba anu bakal muji sukur ka Mantenna, nganuhunkeun kana hal sim kuring.

¹² Sim kuring agul sajeroning hate, lantaran yakin yen lampah sim kuring di ieu dunya, pangpangna dina hal duduluran jeung

aranjeun, dilakonanana reujeung hate anu iklas, berkah pitulung kamurahan sarta kakawasaan Allah, lain ku karana kabijaksanaan insani.

¹³(1:13-14) Ieu anu ditulis ku sim kuring ngan hal-hal anu baris bisa kabaca jeung kaharti ku aranjeun. Ayeuna-ayeuna mah peta sim kuring teh ku aranjeun moal pati kaharti. Tapi muga-muga engke mah kaharti enya-enya, sangkan engke ari Yesus Gusti urang sumping, aranjeun bisa agul ku sim kuring cara sim kuring mikaagul aranjeun.

¹⁴(1:13)

¹⁵Nya ku lantaran yakin kana hal eta nu matak bareto sim kuring gilig rek manggihan aranjeun teh, malar aranjeun ngarasa tambah-tambah bagja.

¹⁶Maksud sim kuring harita nya eta ka Makedoni teh seja nyimpang heula ka aranjeun. Nya kitu deui balikna ti ditu oge bakal nyimpang deui, bari sakalian arek menta tulung ka aranjeun pikeun neruskeun lampah ka Yudea.

¹⁷Naha sugar basa keur ngararancang maksud kitu teh sim kuringna mandeg mayong? Naha sugar harita teh sim kuring boga maksud sejen anu sipatna meningkeun diri sorangan, nepi ka eta maksud anu geus dienyakeun teh harita keneh dihenteukeun?

¹⁸ Demi Allah anu sabda-Na saestu, jangji sim kuring harita ka aranjeun teh henteu diganggayong ku "Enya" jeung "Henteu".

¹⁹ Sabab Yesus Kristus Putra Allah anu diwawarkeun ka aranjeun ku Silas, ku Timoteus, jeung ku sim kuring teh lain jelema anu sok "Enya" sok "Henteu". Sabalikna Anjeunna teh jirimna waleran Allah anu unina: "Enya",

²⁰ sabab nya ku jalan Anjeunna Allah geus ngadawuh "Enya" tina sagala jangji-Na. Eta sababna ari urang ngagungkeun ka Allah, ana ngucapkeun "Amin" teh bari nyebut jenengan Yesus Kristus.

²¹ Nya Allah anu ngersakeun sim kuring bisa jadi sahiji jeung aranjeun dina katunggalan jeung Kristus. Nya Mantenna anu milih urang oge,

²² anu geus nerapkeun cap-Na ka urang, tanda yen urang jadi kagungana-Na, Anu geus ngeusian hate urang ku Roh Suci, geusan jadi tanda yen urang teh pasti baris dipaparin sagala rupa anu ku Allah geus disayagikeun.

²³ Sim kuring menta disaksian ku Allah, sabab Mantenna uningaeun kana eusi hate sim kuring, yen nu matak sim kuring teu tulus ka Korinta teh maksudna pikeun ngajaga perasaan aranjeun.

²⁴ Sim kuring moal maksa ka aranjeun tina hal naon anu ku aranjeun kudu

dipercaya, lantaran aranjeun oge geus kacida percayana ka Kristus. Sabalikna sim kuring seja sabilulungan jeung aranjeun pikeun kabagjaan aranjeun.

2 ¹Ku sabab kitu ceuk timbangan sim kuring, tinimbang matak susah hate aranjeun mah leuwih hade sim kuring ulah datang deui.

²Sabab lamun sim kuring nyusahkeun hate aranjeun, saha deui anu bisa nyenangkeun hate sim kuring, salian ti aranjeun keneh anu geus disusahkeun hate ku sim kuring?

³Eta sababna nu matak harita sim kuring ngirim eta surat. Sabab sim kuring teu hayang ari datang tuluy meunang kanalangsaan ti aranjeun, jelema-jelema anu ku sim kuring diharep baris ngabungahkeun hate sim kuring.

⁴Nulis eta surat teh bari sedih jeung nalangsa nepi ka bijilan cipanon. Teu pisan-pisan sim kuring boga maksud ngajengkelkeun ka aranjeun, sabalikna hayang nembongkeun kanyaah anu taya papadana.

⁵Mun aya jelema anu nyusahkeun, nyusahkeunana teh lain ka sim kuring, tapi ka aranjeun, sakurang-kurangna ka sabagian. (Nyebutkeun kieu soteh supaya sim kuring ulah nemen teuing nyalahkeunana ka nu boga dosana),

⁶da hukuman ti kalolobaan aranjeun oge ka eta jelema teh geus cukup.

⁷Tapi ayeuna mah geus bae jelema anu salah teh hampura, sina janglar ulah nalangsa katutuluyan, bisi pegat harepanana.

⁸Pamenta sim kuring, tembongkeun ka jelemana yen aranjeun teh saenyana mah mikanyaah ka manehna.

⁹Surat sim kuring bareto teh maksudna nguji, diturut henteuna salawasna papatah-papatah sim kuring ku aranjeun.

¹⁰Upama eta anu salah ka aranjeun ku aranjeun dihampura, ku sim kuring oge tangtu dihampura. Ana sim kuring geus ngahampura, lamun enya aya anu kudu dihampura, dihampurana teh di payuneun Kristus, keur pijamugaeun aranjeun,

¹¹supaya Iblis ulah nepi ka ngawasaan ka urang, kawantu kana maksud-maksud Iblis teh urang geus teu bireuk deui.

¹²Sanggeus sim kuring datang ka Troas rek ngawawarkeun Injil Kristus, Gusti maparin pijalaneun ka sim kuring pikeun baranggawe di Troas.

¹³Orokaya hate kacida honcewangna lantaran dulur urang, Titus, henteu kasampak aya di ditu. Ku sabab kitu sim kuring amitan ka urang ditu terus ka Makedoni.

¹⁴Puji sukur ka Allah, sim kuring ku Allah teu kendat dituyun, dipilukeun kana arak-arakan kaunggulan Kristus, sina

satunggal jeung Kristus. Ku Allah dikersakeun kudu ngamashurkeun warta hal Kristus, sina sumebar lir wawangen anu nyambuang ka mana-mana.

¹⁵ Sim kuring teh dijadikeun minangka menyan seungit anu dikukuskeun ku Kristus haturan Allah, angseuna sina nyambuang kaangseu boh ku jalma-jalma anu pisalameteun, boh ku anu picilakaeun.

¹⁶ Pikeun anu picilakaeun kaangseuna mani lanjung matak paeh, pikeun anu pisalameteun kaangseuna mani ngadalingding seungit matak hirup. Atuh saha anu sanggup ngemban tugas kawas kitu?

¹⁷ Ari sim kuring moal kawas umumna jalma rea ngemban pangersa Allah sambarangan kawas kana barang murah. Sabalikna ku sabab diutus ku Allah, nyarita di payuneuna-Na teh kudu reujeung saenyana sakumaha layakna abdi Kristus.

3 ¹Kumaha caritaan sim kuring anu bieu teh aya sari-sari muji maneh? Naha sugar siga anu mikabutuh surat pujian cara batur, ti aranjeun atawa tembongkeuneun ka aranjeun?

² Surat pujian anu dipikabutuh ku sim kuring mah nya aranjeun, katulisna dina ati, sarta bisa ditingali jeung dibaca ku sarerea.

³ Nu nyerat surat pujian anu ieu mah Kristus ku aranjeun, kitu deui anu ngintunkeunana ka sim kuring. Ditulisma lain dina papan batu

kawas anu ti heula, tapi dina hate manusa, sarta anu dianggo nulisna lain mangsi tapi Roh Allah anu jumeneng.

⁴ Bisa nyebut kitu teh lantaran sim kuring ngandel ka Allah, ku karana Kristus.

⁵ Saenjana sim kuring mah teu boga kasanggupan pikeun ngalakonan eta papancen ti Allah teh. Bisa soteh ngalakonan, ngan ku karana pangersa Allah keneh, nu maparin kamampuh ka sim kuring.

⁶ Nya Mantenna anu ngalantarankeun sim kuring sanggup jadi palayan tina perjangjian anyar, anu eusina lain hukum-hukum anu beunang nulis, tapi eusina teh nya eta Roh Gusti. Sabab hukum-hukum anu beunang nulis tea mah maehkeun, sabalikna Roh Gusti mah ngahirupkeun.

⁷ Hukum Agama Yahudi anu ditulisna diwangun aksara dina papan batu tea, waktu diumumkeunana dibarengan ku gumebyarna cahaya kamulyaan Allah anu tembong dina raray Musa. Sanajan eta cahaya geus mimiti surem, urang Israil teu kadarugaeun neuteup. Lamun Hukum Agama, anu eusina ngancam paeh tea waktu diumumkeunana dibarengan ku cahaya sakitu mulyana,

⁸ atuh komo anu meunang ngadamel Roh Gusti, cahayana tangtu leuwih mulya!

⁹ Lamun perjangjian anu ngancam ku hukuman geus sakitu mulyana, geus

komo deui perjangjian anu tujuanana keur pisalameteun, pasti mulyana kabina-bina!

¹⁰Dibandingkeun jeung agungna kamulyaan anu ieu mah kamulyaan anu ti heula teh kasilep.

¹¹Lamun hal anu umurna teu lila geus mulya, geus komo deui hal anu sipatna langgeng tangtu leuwih-leuwih mulyana!

¹²Sim kuring wani nyebut kitu, lantaran ngandel kana eta hal.

¹³Sim kuring moal kawas Musa anu mindingan rarayna ku cindung, supaya urang Israil henteu narenjo cahaya Pangeran anu mimiti rek leungit tina rarayna.

¹⁴Ku sabab Musa mindingan rarayna ku cindung, nepi ka kiwari oge urang Israil mah maca eta perjangjian lawas teh teu ngarti-ngarti, da pikiran sehatna katutup ku eta cindung. Eta cindung kakara bisa disingkirkeun lamun jelema ngahiji jeung Kristus.

¹⁵Malah ayeuna ge ana maranehanana maca Hukum Musa, pikiran sehatna angger kapindingan ku eta cindung.

¹⁶Tapi eta cindung teh bisa diangkat, sakumaha ceuk Kitab Suci anu ngeunaan Musa: "Waktu anjeunna malik mayun ka Pangeran, cindungna diangkat."

¹⁷Tah, "Pangeran" anu disebut dina eta ayat teh nya eta Roh; di mana aya Roh Pangeran, aya kamerdekaan.

¹⁸Ku kituna urang kabeh nyumiratkeun cahaya kamulyaan Pangeran, da beungeut urang mah henteu katutup ku eta cindung. Eta cahaya mulya anu asalna ti Pangeran, Roh tea, ngarobah kaayaan urang jadi mulya kawas Mantenna sarta beuki lila beuki mulya.

4 ¹Allah anu murah asih maparinkeun ieu pagawean ka sim kuring. Jadi enggonging ngalakonanana sim kuring moal nepi ka ngarasa jejerih.

²Sim kuring henteu make cara samuni atawa anu matak ngerakeun, henteu make akal licik, henteu malsu sabda Allah. Ngawula ka Allah ku hate anu wening, numutkeun pangersa-Na, dibarengan ku ihtiar mugia bisa ditarima ku sakumna dulur-dulur.

³Upama wawaran sim kuring perkara Injil Kasalametan teh nepi ka henteu kapahamkeun, henteu kapahamkeunana teh tangtu ngan ku jelema anu hirupna nuju kana picilakaeun.

⁴Nu kitu mah moal percayaeun, lantaran pikiran sehatna dipoekkeun ku ilah jahat ieu dunya, nepi ka batinna teu bisa nenjo kana cahaya kamulyaan anu dipencarkeun ku Injil Kasalametan anu nerangkeun hal kamulyaan Kristus. Padahal nenjo Kristus teh sarua jeung nenjo Allah.

⁵Sim kuring lain rek ngamashurkeun diri sorangan, tapi rek ngamashurkeun Yesus Kristus anu jumeneng Gusti, da ari sim kuring

mah kitu deui batur-batur kapan palayan aranjeun ku karana Kristus.

⁶Allah anu nyaangkeun hate sim kuring nepi ka awas kana kamulyaan Mantenna anu ngagebray dina pameunteu Kristus teh nya eta Allah anu nimbalan, "Ti nu poek sing bijil caang!"

⁷Sim kuring sabatur-batur anu jadi wadah eta harta ti sawarga ngan saibarat pot taneuh, ari kawasa nu maha agung mah Allah nu nyangking, lain sim kuring.

⁸Sim kuring sering ditarajang ku kasusah, tapi teu kungsi balahi. Sakapeung sok bingbang, tapi tara nepi ka leungit sumanget.

⁹Loba anu ngamusuhan, tapi nu misobat ge aya. Teu arang meunang pameupeuh nemen, tapi teu kungsi eleh.

¹⁰Ieu diri anu sipat pana teh unggal-unggal waktu teu kendat ngarasakeun pupusna Yesus, sangkan hirup Anjeunna oge tembong dina diri sim kuring.

¹¹Saumur-umur nampeu kana bahya pati ku karana Yesus, supaya hirup Anjeunna tembong dina diri sim kuring anu sipat pana.

¹²Tegesna, pati teh baranggawe di jero diri sim kuring, ari hirup baranggawe di jero diri aranjeun.

¹³Kitab Suci nyebut kieu, "Kaula nyaritakeun teh ku lantaran percaya." Tah, nya ku lantaran boga jiwa kapercayaan kitu sim kuring nyaritakeun hal eta teh.

¹⁴ Sim kuring percaya yen Allah anu ngahirupkeun deui Gusti Yesus teh baris ngahirupkeun sim kuring oge bareng jeung Yesus, tuluy dicandak bareng jeung aranjeun ka payuneuna-Na.

¹⁵ Eta kabeh pikeun kapentingan aranjeun. Beuki loba jelema anu narima eta sih kurnia Allah, beuki loba anu bakal ngamulyakeun Allah, beuki loba anu ngahanjatkeun paneda pamuji sukur.

¹⁶ Nya ieu sababna nu matak sim kuring tara nepi ka leutik hate teh. Sanajan raga badag beuki lila beuki ruksak, ari batin mah unggal-unggal poe oge teu weleh dianyarkeun deui.

¹⁷ Kasangsaraan ieu nu henteu pira tur ngan pikeun saheulaanan, bakal jadi jalan geusan ngahontal hirup anu langgeng, anu bagjana tanpa tanding, leuwih ti batan kasangsaraanana.

¹⁸ Jadi sim kuring mah neuteup teh museur ka anu teu katembong, lain ka nu katembong. Sabab anu katembong mah umurna moal lila, sabalikna anu teu katembong mah umurna langgeng abadi.

5¹ Sabab sim kuring geus terang, yen lamun imah urang di dunya, nya eta badan kasar geus ruksak, ku Allah bakal disadiakeun imah di sawarga, damelan Allah ku manten anu sipatna langgeng.

²Ayeuna urang teh rumahuh, kacida hayangna nempatan imah nu di sawarga.

³Eta imah mun ku urang geus dipake, bakal jadi badan urang anu anyar.

⁴Sapanjang make ieu imah anu sipat jasmani, urang teh wungkul rumahuh ku rupa-rupa beungbeurat. Tapi lain hartina hayang ucul tina badan nu asal ti dunya, hayang soteh make badan anu ti sawarga, malar badan anu sipatna keuna ku ajal teh salin jadi sipat hirup.

⁵Anu baris nyalin jeung anu nyayagikeunana teh Allah. Mantenna geus maparinkeun Roh-Na ka urang, tanda mastikeun yen sakur anu disayagikeun ku Mantenna teh pikeun urang.

⁶Eta sababna pangna hate sim kuring salawasna reugreug. Sim kuring terang yen sapanjang make keneh badan nu ayeuna mah urang teh jauh ti tempat Gusti linggih.

⁷Sabab hirup sim kuring mah dasarna teh rasa percaya, lain panenjo.

⁸Nya ieu anu ngalantarankeun hate sim kuring teteg teh. Anu matak sim kuring mah mending ucul tina badan nu ayeuna, supaya bisa cicing ngahiji jeung Gusti.

⁹Ku kituna sim kuring mah boh dina badan anu ayeuna boh nu engke, tetep hayang nyenangkeun manah Anjeunna.

¹⁰Sabab urang kabeh engke kudu jonghok di payuneun Kristus, dipariksa kalakuan. Unggal

jelema bakal narima bagianana satimpal jeung kalakuan hirupna di dunya, hade atawa goreng.

¹¹ Urang terang naon hartina sieun ku Pangeran. Eta sababna sim kuring ihtar pikeun ngayakinkeun ka nu sejen. Allah uninga sagala rupa hal sim kuring, muga-muga aranjeun oge dina hate terang enya ka sim kuring.

¹² Tapi lain ku dumeh sim kuring hayang kapuji deui ku aranjeun, ieu mah supaya aranjeun agul ku sim kuring teh aya alesanana anu layak, supaya terang kudu ngajawab kumaha ka anu sok ngagulkeun lahiriahna jelema, lain ngagulkeun budina.

¹³ Waras atawa henteu sim kuring teh? Lamun teu waras, eta demi kapentingan Allah. Lamun waras, eta demi kapentingan aranjeun.

¹⁴ Sim kuring, anu dibawah ku asih Kristus terang, yen lamun hiji jelema maotna pikeun nalangan jalma rea, jalma-jalma anu ditalanganana oge kabeh milu maot.

¹⁵ Kristus pupus nalangan manusia kabeh, supaya sakur anu hirup, hirupna lain pikeun dirina sorangan deui, tapi pikeun Kristus, anu geus pupus jeung geus dihirupkeun deui pikeun kapentingan maranehna.

¹⁶ Ku sabab kitu urang ari ngukur jelema teh ulah mandang harkat darajatna. Memang sim kuring oge asalna mah mandang Kristus teh

nurutkeun ukuran manusia, tapi ayeuna mah geus henteu kitu.

¹⁷ Jalma anu geus satunggal jeung Kristus, geus jadi manusia anyar, manusia heubeulna geus sirna, kari anu anyarna.

¹⁸ Eta kabeh kitu dipidamelna ku Allah. Mantenna ku jalan Kristus kersa dalit jeung urang, henteu ngamusuh deui, sarta sim kuring ku Mantenna ditimbalan ngajak ka nu sejen supaya nu sejen-sejen oge dalit jeung Mantenna.

¹⁹ Tah anu diwartakeun ku sim kuring teh nya eta, Allah ku jalan Kristus ngayakeun damel supaya sakumna manusia dalit jeung Mantenna, dosa jeung kasalahanana ku Allah geus henteu diemut-emut deui, sarta sim kuring ku Mantenna dipiwarang ngawartakeun hal eta.

²⁰ Jadi sim kuring sabatur-batur teh nya utusan-utusan Kristus, nyarita teh kalayan asmana Kristus. Ku jalan ngutus sim kuring teh Allah lir ibarat sumping ku manten ngadugikeun pangersa-Na. Ayeuna, kalayan pajenengan Kristus sim kuring sanget nya ngaharep, muga aranjeun daraek narima eta sih kurnia Allah anu ngarapihan deui ka aranjeun.

²¹ Pikeun kasalametan urang, Kristus anu tanpa dosa teh ku Allah disina nanggung dosa urang, sangkan dina kasatunggalan jeung Anjeunna urang bisa diangken bener ku Allah.

6 ¹Sim kuring anu ku Allah dikersakeun ngabantu padamelana-Na kacida ngaharepna, muga eta sih kurnia Allah teh ulah dilalaworakeun.

²Timbalan Allah kieu: "Sanggeus nitih kana wancina Kami kudu ngurniaan ka maneh, Kami terus ngamakbul panyambat maneh. Sanggeus datang poena Kami kudu nyalametkeun ka maneh, Kami terus nulungan ka maneh." Dulur-dulur! Nya ayeuna wancina pikeun narima eta sih kurnia Allah teh. Nya ayeuna poena pikeun disalametkeun teh!

³Sim kuring teu ngarepkeun aya jalma anu nyalahkeun kana pagawean sim kuring. Jadi sim kuring geus ihtar sangkan ulah matak ngahalang-halang ka batur.

⁴Sabalikna, dina sagala hal sim kuring sabatur-batur nembungkeun yen jadi abdi-abdi Allah, ku jalan sabar tawekal dina kasusah, dina karerepet, dina kasukeran.

⁵Sim kuring jeung batur-batur disiksa, dipanjara, jeung dikoroyok; digarawe popohoan, remen teu sare-sare acan, malah sering teu manggih dahar.

⁶Ku kaiklasan, ku kabijaksanaan, ku kasabaran, jeung ku kasomeahan, sim kuring sababaturan nembungkeun yen jadi abdi-abdi Allah; oge ku pitulungna Roh Suci, jeung ku kanyaah anu wening,

⁷ku nguarkeun warta ti Allah, jeung ku kawasa Allah. Ari pakarang pikeun ngayonan lawan atawa ngabela diri nya eta kalempengan hate.

⁸Sok dihargaan, sok dihahangu, sok dipoyok, sok dipuji; ngomong perkara anu sayakti, malah dianggap tukang ngabohong;

⁹dianggap taya nu wawuh, tapi kabeh ge wawuheun; dianggap jelema geus paeh, padahal ku aranjeun ge kanyahoan hirup keneh; dikaniaya tapi teu dipaehan,

¹⁰dinalangsakeun, tapi asa bungah bae; malarat dina sareatna, tapi bisa ngabeungharkeun ka batur; nyatana taya kaboga, tapi sagala rupa ge boga.

¹¹Dulur-dulur di Korinta! Tah sim kuring teh geus nyarita sabalakana ka aranjeun, ngabolekerkeun eusi hate.

¹²Jadi lain sim kuring anu henteu terus terang, tapi aranjeun anu henteu bruk-brak ka sim kuring.

¹³Ieu sim kuring ngomong ka aranjeun teh asa ngomongan anak. Muga perasaan aranjeun ka sim kuring oge sing kawas perasaan sim kuring ka aranjeun, jeung sing daraek bruk-brak!

¹⁴Kade ulah bareng baranggawe jeung anu henteu palercaya ka Allah, da moal aya beubeunanganana. Mana bisa nu bener ngahiji jeung nu teu bener. Mana bisa caang ngahiji jeung poek.

¹⁵ Mana bisa Kristus samupakat jeung Iblis.
 Rek meunang kaboga naon anu palercaya
 ka Allah cacampuran jeung anu henteu
 palercaya?

¹⁶ Mana bisa Bait Allah ngahiji jeung imah
 brahala? Urang teh Bait Allah anu jumeneng!
 Sabab timbalan Allah ku manten ge kieu:
 "Kami rek cicing di umat Kami, sarta hirup
 jeung maranehna; Kami baris jadi Allah
 maranehna, maranehna baris jadi umat
 Kami."

¹⁷ Ku sabab kitu Allah ngandika,
 "Tinggalkeun jalma anu daroraka, pisahkeun
 diri ti maranehna. Ulah ngayakeun naon-naon
 jeung sakur nu najis, tangtu maraneh
 ditarima ku Kami.

¹⁸ Kami baris jadi Rama maraneh, maraneh
 baris diaku anak ku Kami, anak lalaki, anak
 awewe, kitu timbalan Pangeran Nu Maha
 Kawasa."

7 ¹Dulur-dulur! Eta jangji-jangji teh kabeh
 ditujukeunana ka urang. Ku sabab kitu
 urang kudu miceun sagala rereged lahir batin,
 hirup kudu beresih jeung kudu ajrih ka Allah.

²Muga aranjeun langsar hate narima deui
 sim kuring. Ka sasaha ge sim kuring can
 kungsi nyieun salah, ngarugikeun atawa
 nyokot kauntunganana.

³Lain nyalahkeun aranjeun ieu mah, geuning
 ceuk sim kuring oge bareto, ka aranjeun

teh sim kuring nyaah, paeh hirup hayang
reujeung.

⁴ Sim kuring percaya, malah agul ku
aranjeun teh, nepi ka dina kasusah anu
kumaha bae oge teu weleh ngarasa reugreug,
asa kacida bagjana.

⁵ Basa bareto datang ka Makedoni, mani teu
bisa ngaso. Di mana-mana rea anu matak
susah, rea anu ngajak cekcok, hate pinuh ku
karisi.

⁶ Tapi Allah, anu salawasna sok ngagedekeun
hate anu keur leungit harepan, ngagedekeun
hate sim kuring ku datangna Titus.

⁷ Ngarasa hegar teh lain ngan ku datangna
bae, tapi oge ku laporanana anu nyaritakeun
yen aranjeun kacida matak ngagedekeun
hatena. Anjeunna oge geus nyaritakeun, yen
aranjeun kacida saronona ka sim kuring, geus
ngarasa kaduhung, sarta seja ngabelaan ka
sim kuring. Ku sabab kitu sim kuring ngarasa
tambah bagja.

⁸ Teu panasaran geus nyieun surat anu
eusina nganalangsakeun aranjeun oge.
Memang sim kuring oge ngarasa sedih
sanggeus terang yen mimitina mah aranjeun
nalangsa ku eta surat.

⁹ Tapi ayeuna mah sim kuring teh
bungah. Lain bungah ku lantaran geus
nganalangsakeun aranjeun, tapi ku sabab eta
kanalangsaan teh geus ngarobah kalakuan
aranjeun. Jadi eta kanalangsaan aranjeun teh

luyu jeung pangersa Allah. Ku lantaran kitu sim kuring henteu ngarugikeun naon-naon ka aranjeun.

¹⁰Kanalangsaan oge ari ku Allah dianggo lantaran sangkan urang eling mah matak jamuga, taya ngarugikeunana. Beda deui jeung nalangsa ku lantaran nyeri hate, eta mah nungtun kana paeh.

¹¹Pek inget-inget berkahna aranjeun meunang kanalangsaan ti Allah teh. Geuning aranjeun jadi sakitu enya-enyana, sakitu sumangetna memener nu salah, jengkel ka nu migawe dosa, paur, jeung sono kana kahadean sarta teu asa-asa ngahukum anu salahna. Geus tetela nu salah dina eta perkara teh lain aranjeun.

¹²Eta sababna nu matak sim kuring teu panasaran geus nyuratan kitu. Da nulis kitu soteh lain ku sabab si Anu salah atawa si Anu jadi korban kasalahan batur, tapi pikeun nyaksikeun ka Allah yen perhatian aranjeun ka sim kuring saenyana kacida gedena.

¹³Tah eta anu ngareugreugkeun hate sim kuring teh. Beuki reugreug beuki bungah sanggeus terang yen aranjeun narima Titus sakitu hadena.

¹⁴Ti samemehna oge aranjeun ku sim kuring geus dipujikeun ka Titus, ari heug enya aranjeun teu nguciwakeun. Jadi sim kuring ngagulkeun aranjeun ka Titus teh aya buktina.

¹⁵ Titus mingkin tambah kanyaahna ka aranjeun anu sakitu narimana, sakitu narurutna kana nasehat-nasehatna, sakitu mikaajrihna.

¹⁶ Sim kuring bagja aranjeun bisa dipercaya.

8 ¹ Dulur-dulur, sim kuring rek nyaritakeun hal berkah Allah ka jamaah-jamaah di Makedoni.

² Maranehna geus meunang cocoba kacida beuratna, tapi parangina teu weleh barerag. Sarta sanajan kacida mariskinna oge daraekeun mere derma tur pohara laleahna.

³ Merena teh mani sakuat-kuat, malah leuwih ti kitu. Turug-turug

⁴ mani keukeuh menta diidinan ngumpulkeun derma, rek ngabantu umat Allah di Yudea.

⁵ Teu nyana nepi ka kitu! Geus ngabdi ka Gusti teh, ku kersaning Allah make jeung nawarkeun tanaga ka sim kuring sabatur-batur.

⁶ Ti dinya sim kuring menta ka Titus anu ngamimitian ngayakeun usaha kitu, supaya eta usaha anu sakitu mulyana teh dituluykeun di tempat aranjeun ongkoh.

⁷ Aranjeun unggul dina sagala rupa, dina kapercayaan, dina kapercekaan nyarita, dina pangaweruh, dina sumanget kana tutulung, kitu deui dina kanyaah ka sim kuring. Muga sing unggul oge dina nighiarkeun eta usaha anu mulya tujuanana.

⁸Ieu anjuran lain parentah. Nyaritakeun sumanget tutulung batur soteh hayang neuleuman gedena kanyaah aranjeun.

⁹Aranjeun geus terang kumaha murah asihna Gusti urang Yesus Kristus. Anjeunna teh sugih, tapi iklas hirup miskin, supaya kasugihan Anjeunna ngabeungharkeun aranjeun.

¹⁰Ceuk timbangan sim kuring, usaha aranjeun anu taun tukang tea mending rengsekeun ayeuna. Bareto aranjeun anu ngamimitian ngajalankeun jeung nganiatanana.

¹¹Tah ayeuna teruskeun, anggeuskeun! Jalankeun enya-enya sakumaha niat tadina, nyarumbang sakamampuh aranjeun.

¹²Lamun aranjeun geus marere sakumaha kakuatan aranjeun, anu bakal ditampi ku Allah teh kakuatan merena tina kaboga anu geus aya, lain ti nu tacan aya.

¹³(8: 13-14) Lain maksud sim kuring rek ngentengkeun batur tuluy ngarerepot ka aranjeun, ngan ku sabab ayeuna aranjeun keur aya dina kacukupan, munasabah lamun mere ka batur anu keur butuh. Engke lamun aranjeun pareng kakurangan sarta maranehna keur aya dina kacukupan, tangtu aranjeun oge ditulung. Jadi saimbang, pada silih ladenan.

¹⁴(8: 13)

¹⁵ Sabab ceuk Kitab Suci, "Anu ngumpulkeunana loba moal matak leuwih, anu ngumpulkeunana saeutik moal matak kurang."

¹⁶ Puji sukur ka Allah, Titus dikersakeun sakitu hayangeunana ngabantu gawe ka aranjeun, teu beda ti sim kuring.

¹⁷ Kituna teh lain ngan ku pamenta sim kuring bae, tapi kahayangna sorangan ge kitu.

¹⁸ Anjeunna bakal mawa batur saurang, jelema anu kacida dihormatna ku jamaah-jamaah di ditu, tina ku suhudna ngawawarkeun Injil Kasalametan.

¹⁹ Eta dulur ku jamaah-jamaah geus ditangtukeun pikeun ngabaturan sim kuring engke, sabab engke teh sim kuring kudu indit nganteurkeun duit sumbangan tea, pikeun kamulyaan Allah, jeung pikeun nandakeun yen hayang tutulung.

²⁰ Tangtu sim kuring kudu ati-ati ngurus duit sumbangan teh, ulah nepi ka jadi panyerewedan.

²¹ Seja bruk-brak teh lain ka payuneun Allah bae, ka papada jelema nya kitu keneh.

²² Aya deui hiji dulur anu bareng diutus ka aranjeun teh, anu geus sering dicoba tur salawasna bukti sozon-sosonna kana tutulung. Ayeuna, ku lantaran geus tamplot kapercayaanana ka aranjeun, napsu tutulung teh beuki jadi.

²³ Geus puguh ari Titus mah, kawantu batur sim kuring anu babarengan ngabantu ka aranjeun. Ari anu duaan deui eta teh wawakil jamaah-jamaah, pagaweanana matak mulya ka Kristus.

²⁴ Muga ditarima, sing pada mikanyaah, supaya kanyaah aranjeun kanyahoan ku jamaah-jamaah di ditu. Tembongkeun yen sim kuring ngalem aranjeun teh teu nyalahsan.

9 ¹ Perkara aranjeun kudu ngabantu umat Allah di Yudea, saenyana teu perlu disuratan heula.

² Percaya yen aranjeun bakal rarido, nepi ka dipuji ka urang Makedoni. Ceuk sim kuring, "Urang Ahaya mah geus sadia ti taun tukang." Atuh maranehna asa dihatean, beuki enya-enya.

³ Jadi sim kuring ngutus ieu dulur-dulur ka dieu, supaya eta pamuji sim kuring teh lain wungkul omong kosong, sing geus sadia sakumaha ceuk sim kuring.

⁴ Karana, saupama engke sim kuring ka dieu teh dipiluan ku urang Makedoni, heug nyampak aranjeun can naon-naon, tada teuing sim kuring isinna, hanas geus sakitu percayana! Puguh deui aranjeun mah geus teu kudu dicatur.

⁵ Eta sababna sim kuring ngarasa perlu ngutus heula ieu dulur-dulur ka dieu, sina nguruskeun duit sumbangan anu dijangjikeun bareto. Mun sim kuring datang duitna kudu

geus aya, ngarah enya eta sumbangan teh tina kahidengan aranjeun, lain ku sabab dikudukeun.

⁶Sing aringet, nu melak binih ngan saeutik, beubeunanganana ge bakal saeutik, anu melak binihna loba, beubeunanganana oge bakal loba.

⁷Ku sabab kitu mere teh kudu cop jeung hate, ulah owel atawa asa dipaksa. Anu mere reujeung suka lilah tangtu diasih ku Allah.

⁸Allah teh kawasa maparin leuwih tina kaperluan aranjeun, sangkan saniskara kaperluan aranjeun salawasna cukup, nepi ka bisa laluasa keur nyieun kahadean.

⁹Sakumaha ceuk Kitab Suci, "Mantenna ngawurkeun rejeki ka nu mariskin, welas asih-Na taya pegatna."

¹⁰Allah anu maparin binih ka nu tebar jeung rejeki baris tedaen, bakal maparin binih tebarkeuneun aranjeun, tur hasilna tangtu disina rekah, ganjaran tina kabalabahan aranjeun keneh.

¹¹Salawasna Mantenna bakal nyukupan ka aranjeun, supaya aranjeun saban waktu bisa mere maweh. Pamere aranjeun anu bakal ditepikeun ku sim kuring bakal ngalantarankeun jelema-jelema maruji sukur ka Allah.

¹²Sabab eta sumbangan teh lain ngan matak nutupan pangabutuhna umat Allah bae,

malah bakal ngalantarankeun maranehna tumarima ka Allah.

¹³ Kahadean aranjeun bakal ngalantarankeun maranehna ngamulyakeun ka Allah, ku ningal kapengkuhan aranjeun kana Injil Kasalametan hal Kristus anu memang geus diaku ku aranjeun, jeung ku kabalabahan aranjeun ka maranehna kitu deui ka nu sejen-sejen.

¹⁴ Tangtu maranehna bakal mangnaredakeun dibarung ku asih rasaning ati ka aranjeun, anu ku Mantenna geus dipaparin berkah luar biasa.

¹⁵ Hayu urang maruji sukur ka Allah anu berkah-Na taya papadana.

1 O¹Ayeuna sim kuring, Paulus, anu dipajarkeun leuleuy ari di hareupeun aranjeun, ari geus jauh mah jadi keras, aya pamenta pribadi. Pamenta teh, demi Kristus anu sareh jeung mulya manah,

²engke lamun urang geus pajonghok, aranjeun ulah nyieun gara-gara nepi ka sim kuring kudu keras. Sabab sim kuring moal teu keras ka anu nyangka-nyangka yen usaha sim kuring sabatur-batur teh ngarah kadunyaan.

³ Sanajan hirup teh di dunya, tapi sim kuring henteu ngarah kadunyaan.

⁴ Pakarang paranti sim kuring tarung lain pakarang nu aya di ieu dunya, tapi pakarang-pakarang ampuh kagungan Allah, anu ku sim kuring dipake ngagempur benteng-benteng, ngagempur alesan-alesan palsu,

⁵ngaruntuhkeun tiap-tiap sipat sompong anu ngadingding ngahalangan kanyaho ka Allah, sarta nalukkeun saniskara pipikiran sangkan aranut ka Kristus.

⁶Engke sanggeus aranjeun taat datang ka antekna, sim kuring siap geusan ngahukum sakur anu henteu daek taat.

⁷Aranjeun biasa nilik kana rupa lahir. Kumaha di dieu aya anu ngarasa yen dirina kagungan Kristus? Pek sina mikir deui enya henteuna. Mun enya dirina kagungan Kristus, sim kuring oge kagungan Kristus saperti manehna.

⁸Sim kuring, sanajan upama nepi ka agul leuwih ti misti oge ku kakawasaan ti Gusti, henteu era, da eta kakawasaan teh dipake ngadegkeun aranjeun, lain dipake ngarubuhkeun.

⁹Sim kuring teu ngaharep aranjeun ngarasa disingsieunan ku surat-surat sim kuring.

¹⁰Ceuk nu nyarita, "Paulus dina surat-suratna mah galak jeung hebat, tapi ari geus adu hareupan jeung urang mah lembek, ucapan-ucapanana taya eusina."

¹¹Jelema kitu kudu ngarti, yen Paulus dina suratna jeung Paulus dina adu hareupan jeung aranjeun taya bedana.

¹²Nya teu wani ari nandingan atawa nyaruakeun maneh jeung jelema anu nganggap dirina luhur kabina-bina mah. Jelema anu ngukur maneh ku dirina

sorangan, anu ngabanding-banding maneh kana darajatna sorangan, saenyana kacida bodona.

¹³ Sim kuring mah teu rek muji maneh liwat ti wates, tetep aya dina wawatesan anu kakurung ku papancen ti Allah, di antarana nya eta ayeuna baranggawe di aranjeun.

¹⁴ Jadi waktu sim kuring mawa Injil Kasalametan hal Kristus ka aranjeun, saenyana henteu liwat tina eta wates.

¹⁵ Jadi moal muji maneh ku hasil pagawean batur ti luareun papancen anu ditangtukeun ku Allah. Anu dipalar teh mugia aranjeun tambah kapercayaan, bari sim kuring henteu kaluar tina wates anu geus ditangtukeun ku Allah.

¹⁶ Engke oge, ari ngamashurkeun Injil Kasalametan ka tempat-tempat sejen luareun aranjeun, moal nyokot tempat anu geus digarap ku batur, da sim kuring mah teu hayang muji maneh ku beubeunangan batur.

¹⁷ Dina Kitab Suci disebutkeun, "Jelema mun arek agul, kudu agul ku padamelan Pangeran."

¹⁸ Sabab jelema mah meunang soteh dipuji lamun hirupna kamanah ku Pangeran, lain ku sabab pujieun ceuk pangrasana.

11 ¹ Sim kuring menta dimalum, bisi kawas nu rada kurang pikiran. Daraek ngamatul, lain?

²Sim kuring teh timburuan ka aranjeun, sakumaha Allah oge timburuan ka aranjeun. Aranjeun teh ibarat hiji mojang parawan anu mulus keneh, anu ku sim kuring geus dijangjikeun baris ditikahkeun ka hiji lalaki, nya eta Kristus ku anjeun.

³Sim kuring risi sieun aranjeun kagembang ku nu sejen, henteu satia deui ka Kristus, cara Hawa kagendam ku tipu dayana si oray pelit.

⁴Sabab aranjeun mani giak narima jelema anu nyaritakeun Yesus sejen, Iain Yesus anu diwanohkeun ku sim kuring, narima roh jeung "injil" anu kacida bedana ti Roh Allah jeung Injil Kasalametan anu diwawarkeun ku sim kuring!

⁵Asana sim kuring teh henteu eleh harkat ku eta jelema-jelema luar biasa teh, anu ngaku-ngaku "rasul" aranjeun.

⁶Ari nyarita mah sugar enya sim kuring kurang bisa, tapi ari kanyaho mah teu kurang-kurang, eta geus mindeng dibuktikeun ka aranjeun dina hal naon bae.

⁷Sim kuring ngawawarkeun Injil Kasalametan ka aranjeun teu menta bayaran, bari ngalalaip diri pikeun ngangkat harkat aranjeun. Salah kitu ieu teh?

⁸Ari gawe di aranjeun, ari gajih ti jamaah-jamaah sejen, sasat ngarugikeun maranehna dipake ngawulaan aranjeun.

⁹ Salila jeung aranjeun, sanajan geus teu boga duit sim kuring tara ngurihit. Sagala pangabutuh sim kuring dicukupna ku dulur-dulur ti Makedoni. Ka aranjeun mah bareto tara nyusahkeun, engke-engke ge moal ngarepotkeun.

¹⁰ Demi pangajaran Kristus anu saestu cecekelan sim kuring, kaagulan sim kuring kieu teh di mana bae di sakuliah Ahaya moal bisa kapupus.

¹¹ Sungan sim kuring teu nyaah ka aranjeun, make nyebutkeun kitu? Demi Allah, puguh bae nyaah mah!

¹² Ieu urusan, ayeuna ku sim kuring rek diteruskeun, supaya nu ngaraku rasul teh ulah bisaeun deui agul-agul jeung akon-akon, pajar maneh mangku gawe cara anu dijalankeun ku sim kuring.

¹³ Paralsu kabeh oge, lain rasul-rasul! Kikituanana teh bohong, nyamur jadi rasulna Kristus anu bener.

¹⁴ Tapi teu aneh! Iblis oge bisaeun nyamur jadi malaikatna caang.

¹⁵ Atuh lamun bawahanana nyalalamur jadi abdining kayaktian oge geus teu aneh deui. Engke ge nararima tungtungna, satimpal jeung kalakuanana.

¹⁶ Sakali deui, ulah disangka sim kuring jelema bodo. Tapi najan keukeuh disangka kitu ge kajeun, asal ditarima bae ku aranjeun

bodo-bodo oge, ngarah bisa keneh agul
saeutik mah.

¹⁷ Tangtu bae ieu mah lain ucapan anu
dipiwarang ku Gusti. Ngomong hayang bisa
agul kitu teh ceuk sim kuring bae, si bodo.

¹⁸ Anu sok aragul ku sual-sual kadunyaan
teh Ioba, atuh sim kuring oge rek kitu.

¹⁹ Aranjeun oge anu palinter, geuning mani
sakitu galumbirana ngahaminan ka eta anu
barodo!

²⁰ Buktina dararaek bae dikuah-kieuh,
diperes, dipacikeuh, dihina, diciduhan
beungeut ku maranehna.

²¹ Era sim kuring mah urang beunang
dikitu-kitu teh! Tapi mun batur wani agul-agul
ku halna, sim kuring oge wani, ari rek nurutan
bodo mah.

²² Cenah maranehna urang Ibrani? Sim
kuring oge urang Ibrani. Cenah maranehna
anak Ibrahim? Sim kuring oge anak Ibrahim.

²³ Cenah maranehna abdi-abdi Kristus? Sim
kuring mah komo, najan siga anu kurang
waras oge jadi abdina Kristus teh leuwih
bener ti batan maranehna. Leuwih banting
tulang, leuwih mindeng dibui, leuwih mindeng
dikaniaya, leuwih mindeng nyorang bahla
pati.

²⁴ Sim kuring mah geus lima kali disiksa
dirangketan ku urang Yahudi sakalina tilu
puluhan salapan teunggeulan;

²⁵ geus tilu kali digitik make hoe ku urang Rum; sakali dibenturan ku batu; tilu kali nyorang kalebuh kapal, kekerelepan dina cai sapoe sapeuting.

²⁶ Sering ari eukeur nyanyabaan meh-mehan cilaka di jalan, ku caah, ku begal, ku papada urang Yahudi, ku jelema-jelema umat brahala. Bahla pati ngukuntit bae, di kota, di gurun, di tengah laut, kitu deui bahla pati ti babaturan anu paralsu.

²⁷ Banting tulang satengah paeh, mindeng teu sare, teu dahar, teu nginum, mindeng ngalenteh, mindeng mucicid da teu boga pakean.

²⁸ Teu kudu dicatur hal-hal sejenna mah, turug-turug unggal-unggal poe paciweuh ku urusan jeung melang ka jamaah-jamaah.

²⁹ Mun aya dulur anu jadi leutik hate, sim kuring nu ngaleketey, mun aya dulur anu nyieun dosa, sim kuring anu nalandsa.

³⁰ Mun kudu agul tea mah agul teh sim kuring mah ku karumasaan, rumasa jadi jelema anu kacida lembekna.

³¹ Lain bohong, saksina ge Allah Ramana Gusti Yesus; puji kasangggakeun ka pajenengana-Na salalanggengna.

³² Bareto basa keur di jero kota Damsik, gupernur bawahan Raja Aretas nitah ngepung lawang eta kota, rek nangkep.

³³Tapi sim kuring bisa ngejat, aya anu ngulur ti luhur kuta make karanjang, tina hiji liang tembok.

12 ¹Saenyanan agul teh taya untungna. Tapi teu rek agul kumaha, sabab sim kuring kungsi meunang tetenjoan jeung wahyu ti Gusti.

²Sim kuring terang ka hiji jelema umat Kristus, anu opat welas taun ka tukang dadak sakala diangkat ka sawarga pangluhurna, (sim kuring teu terang, naha eta teh kajadian saenyanan atawa ngan tetenjoan wungkul, ngan Allah anu uninga).

³(12: 3-4) Terang deuih eta jelema teh terus diangkat ka Pirdus (ieu oge duka kajadian saenyanan, duka ngan tetenjoan wungkul, ngan Allah anu uninga). Di dituna manehna meunang dedengean anu henteu bisa kaucapkeun ku omongan, dedengean anu henteu idin diucapkeun ku biwir manusia.

⁴(12: 3)

⁵Tah sim kuring agul teh ku eta jelema, dari diri sorangan mah naon agulkeuneunana, lian ti agul ku karumasaan boga hate lembek.

⁶Tapi sanajan rek agul-agul ge, nu diomongkeun mah perkara anu bener, moal kawas omongan nu burung. Tapi moal rek muji maneh, bisi aya jelema anu nyangka yen sim kuring jelema leuwih, boh dina pangalaman boh dina caritaan anu geus katenjo jeung kadenge ku manehna.

⁷ Ngan supaya ulah nepi ka jadi kamagungan dumeh meunang tetenjoan jeung wahyu anu sakitu arahengna, sim kuring dibere hiji kanyeri dina awak, enteng tapi numbukan bae ngagoda kana awak lir utusan Iblis, supaya sim kuring ulah agul.

⁸ Tilu kali sim kuring nunuhun ka Gusti, nyuhunkeun supaya eta kanyeri dileungitkeun.

⁹ Tapi waler-Na, "Kurnia Kami ka maneh geus cukup, sabab kakawasaan Kami paling matih ana maneh keur lembek." Ku sabab kitu sim kuring mah lembek oge agul, bungah pisan, da bakal bisa ngarasa kana panangtayungan kakawasaan Gusti.

¹⁰ Demi Kristus, sim kuring mah lembek kajeun, dihina kajeun, sangsara kajeun, dikaniaya kajeun, nandangan suker kajeun. Puguh ari keur lembek sim kuring mah jadi bedas teh.

¹¹ Memang sim kuring geus jadi jelema bodo, tapi aranjeun nu jadi lantaranana. Benerna aranjeun teh ngahargaan ka sim kuring. Kieu-kieu oge sim kuring henteu katitih ku eta "rasul-rasul" aranjeun anu luar biasa teh.

¹² Tandana yen sim kuring rasul, geus mindeng dibuktikeun reujeung kasabaran ku ngayakeun hal-hal anu ajaib jeung araheng.

¹³ Iwal ti tara dipentaan tulung perkara duit, cik dina hal naon aranjeun kurang

dipentingkeun ti batan jamaah-jamaah sejen teh? Bisi karasana henteu adil, hampura bae.

¹⁴ Ngalayad aranjeun teh geus rek tilu kali jeung ayeuna. Lain rek aya nu dipenta, rek ka aranjeun teh sono ka jelemana, lain kana duitna. Jeung deui lain anak anu kudu maraban kolot, tapi kolot anu kudu maraban anak.

¹⁵ Ka aranjeun teh ulah-bon harta banda, raga sakujur oge rido masrahkeun. Sageuy kurang nyaraah keneh bae ka sim kuring anu sakieu nyaahna ka aranjeun.

¹⁶ Sageuy teu karasa yen bareto sim kuring tara ngarepotkeun ka aranjeun. Tapi make aya anu nuduh magar sim kuring pelit, loba ekol sok macikeuh.

¹⁷ Na kumaha? Na kungsi sim kuring narik untung ti aranjeun mun ngirim utusan ka dieu?

¹⁸ Enya sim kuring teh ngutus Titus jeung baturna saurang papada umat Kristus ka dieu. Eta kitu anu dipajarkeun narik untung teh? Lain sarua tekad jeung cara hirup Titus jeung sim kuring teh?

¹⁹ Palangsiang ceuk pamikir aranjeun sim kuring jeung Titus teh ti bareto nepi ka ayeuna ngan hayang meunang sorangan bae. Henteu, dulur-dulur! Sim kuring nepikeun dawuhan Kristus ka aranjeun kalawan kauninga ku Allah teh rek nulung aranjeun.

²⁰ Sim kuring paur, sieun ari jol ka dieu nyampak aranjeun sulaya tina kahayang sim kuring, sabalikna sim kuring sulaya tina kahayang aranjeun. Sieun timbul pacogregan seug garelut, sieun engke padengki-dengki, silih pikajengkel, silih hualkeun, silih upat jeung paagul-agul nepi ka jadi rusuh.

²¹ Inggis ari jol teh engke sim kuring ku Gusti Allah diparengkeun apes di hareupeun aranjeun, sieun meunang kasedih, bisi jelema-jelema anu bareto nyieun kadorakaan teh loba keneh anu tacan robah, masih rujit kalakuan, masih keneh sok rarucah jeung lalacur.

1 3 ¹ Geus rek tilu kali jeung ieu sim kuring ka dieu teh. Ceuk Kitab Suci, "Sahna hiji pangdakwa teh lamun ditunjang ku saksi duaan atawa leuwih."

² Basa sim kuring nganjang kadua kalina, jelema-jelema anu bareto baroga dosa teh kitu deui nu sejen-sejenna geus diwawadian. Ayeuna ge sabot keur pajauh kieu sim kuring rek ngawawadian deui. Sabab engke mah ari sim kuring ka dieu deui, anu saralah teh hiji ge moal aya anu luput tina hukuman.

³ Engke tetela ka aranjeun yen ucap-ucapan sim kuring teh saenya-enyana dawuhan Kristus. Dina mayunan aranjeun, Kristus moal lembek, sabalikna tangtu nganggo kakawasaana-Na.

⁴ Waktu keur disalib nepi ka pupus, Anjeunna lembek, tapi ayeuna mah Anjeunna jumeneng ku kawasaning Allah. Sim kuring oge lembek lantaran ngahiji ka Anjeunna, tapi dina nyanghareupan aranjeun, ku karana hirup reujeung Anjeunna, sim kuring rek make kakawasaan ti Allah.

⁵ Pek mariksa maneh, nguji maneh, percaya keneh ka Kristus? Lamun masih, tangtu karasa di jero hate aranjeun aya Kristus Yesus, kajaba lamun ku aranjeun geus ditinggalkeun.

⁶ Sing percaya, sim kuring mah henteu ninggalkeun ka Anjeunna.

⁷ Paneda sim kuring ka Allah, mugia aranjeun ulah nyarieun kasalahan. Lain dumeh sim kuring tahan uji, ngan hayang supaya aranjeun harade kalakuan, sanajan upamana sim kuring kawas teu tahan uji.

⁸ Teu bisa sim kuring mah milampah anu lalawanan jeung perkara bener, salian ti hayang nurut.

⁹ Mun aranjeun kuat, najan sim kuring mah lembek, hate bungah. Jeung mangnedakeun teh deui mugia lampah hade aranjeun sing nepi ka sampurna.

¹⁰ Eta sababna samemeh urang pajonghok sim kuring nyuratan heula, supaya engke mun sim kuring datang, ulah nepi ka kudu keras ngagunakeun kakawasaan anu ti Gusti, da eta kakawasaan teh dipasihkeunana ka

sim kuring pikeun ngadegkeun aranjeun, lain pikeun ngarubuhkeun.

¹¹ Sakieu bae dulur-dulur! Sing saralamet. Sampurnakeun iman, lampahkeun pepeling-pepeling ti sim kuring, sing alakur pada batur, sing runtut. Mugia Allah anu sipat asih jeung nu nyepeng karuntutan nyarengan ka aranjeun.

¹² Geura silih pidulur, silih rangkul.

¹³ (13-12) Aya salam ti sakabeh umat Allah keur aranjeun.

¹⁴ (13-13) Mugi-mugi aranjeun ginanjar sih kurnia Gusti Yesus Kristus, ginanjar asihing Allah, diaping ku Roh Suci. Wassalam, Paulus

Galatia

1 ¹Ieu surat ti sim kuring, Paulus, anu jadi rasul lain ku karana dipanggil atawa diangkat ku manusa, tapi ku lantaran disaur ku Yesus Kristus, jeung ku Allah Rama anu ngahirupkeun deui Anjeunna tina pupus-Na.

²Ieu aya salam ti dulur-dulur anu babarengan jeung sim kuring, ka aranjeun di jamaah-jamaah di Galata.

³Mugi-mugi Allah Rama urang jeung Gusti Yesus Kristus maparin berkah jeung kasantosaan ka aranjeun.

⁴Kristus teh bawaning ku hawatoseun ka urang anu dosa, jeung bawaning ku tumut kana pangersa Allah Rama urang, nepi ka ngurbankeun salira-Na, supaya urang bisa leupas tina ieu jaman anu jahat.

⁵Sanggakeun puji ka Allah, salalanggengna!
Amin.

⁶Kaget sim kuring mah ku aranjeun! Tacan ge lila geus malundur deui ti anu nyaur aranjeun ku karana asihna Kristus. Aranjeun geus bariluk kana pangajaran injil sejen.

⁷Saenyana "injil sejen" teh teu aya. Aya soteh jelema-jelema anu ngalilieur aranjeun, muter balik pangajaran hal Kristus.

⁸Mugia anu ngajarkeun "injil" anu beda ti Injil Kasalametan anu geus diwawarkeun ku

sim kuring teh, saha bae, dalah sim kuring sorangan atawa malaikat ti sawarga, sing meunang hukuman ti Allah!

⁹Bareto sim kuring kungsi nyebutkeun kitu. Ayeuna ge kitu, saha bae, anu ngajarkeun injil anu beda ti nu geus katampa ku aranjeun, mugia sing meunang hukuman!

¹⁰Sim kuring nyebutkeun kitu teh naha pedah hayang meunang pangaku ti pada manusa? Teu pisan-pisan! Sim kuring mah hayang meunang pangaku ti Allah! Atawa ngarah kapake ku manusa? Atuh arek kikituan keneh mah sim kuring teh lain ge abdina Kristus.

¹¹Aranjeun perlu terang, yen Injil Kasalametan anu diwawarkeun ku sim kuring teh lain asal ti manusa.

¹²Sim kuring narimana lain ti manusa, lain beunang guguru ti pada jalma. Terang kana hal eta teh ti Yesus Kristus ku anjeun.

¹³Aranjeun tangtu geus meunang carita hal kahirupan sim kuring waktu nyekel keneh agama Yahudi, kumaha telengesna sim kuring ka jamaah Allah, enyaan hayang ngabasmi teh.

¹⁴Waktu nyekel keneh agama Yahudi, di antara urang Yahudi anu sapantar mah sim kuring teh pangnyongcolangna, jeung pangkukuhna kana adat tali paranti karuhun.

¹⁵Tapi sihoreng ti samemeh dijurukeun oge sim kuring ku Allah nu sipat murah geus

ditangtukeun kudu ngabdi ka Mantenna.
Sanggeus ditangtukeun kitu,

¹⁶sim kuring ku Mantenna diwanohkeun ka Putra-Na, supaya warta hal Putra-Na, nya eta Injil Kasalametan tea, diteruskeun ka bangsa-bangsa nu lain Yahudi. Harita sim kuring henteu tatanya ka saha-saha.

¹⁷Ka anu geus jaradi rasul heulaeun sim kuring oge henteu, da sim kuring teu kungsi ka Yerusalem heula. Indit teh malah ka nagri Arab, ti dinya balik deui ka Damsik.

¹⁸Indit-indit ka Yerusalem tilu taun ti harita, manggihan Petrus. Di anjeunna meunang dua minggu.

¹⁹Jeung rasul-rasul sejenna mah teu kungsi tepung, salian ti jeung Yakobus saderek Gusti Yesus.

²⁰Ieu anu ditulis teh saenyana. Allah saksina lamun sim kuring bohong!

²¹Geus kitu sim kuring indit ka sababaraha tempat di Siria jeung Kilikia.

²²Nepi ka waktu eta, anggota jamaah-jamaah nu aya di Yudea tacan tarerangeun kana rupa sim kuring.

²³Kakara meunang caritana ti anu ngaromongkeun. Kieu cenah, "Jelema anu bareto nganiaya urang teh ayeuna malah ngawawarkeun kapercayaan anu tadina ku manehna rek ditumpes!"

²⁴Maranehna maruji sukur ka Allah ku hal sim kuring kitu.

2¹ Opat belas taun ti harita, sim kuring ka Yerusalem deui jeung Barnabas, bari mawa Titus.

²Ka ditu teh lantaran aya pituduh ti Allah. Dina riungan anu ngahaja diayakeun jeung para pamingpin di ditu, sim kuring nerangkeun yen sim kuring mah nginjilan bangsa-bangsa anu lain Yahudi. Nu dipalar supaya pagawean sim kuring nu enggeus-enggeus kitu deui anu eukeur disanghareupan ulah nepi ka gaplah.

³Ari Titus teh urang Yunani, ku sim kuring henteu dikudukeun disunat.

⁴Tapi di ditu teh aya sawatara jelema anu keukeuh ngudukeun Titus disunat. Eta anu kareukeuh kitu teh saenyana mah jelema-jelema anu nyiliwuri, pura-pura sakapercayaan, maksudna rek nalungtik nepi ka mana bebasna umat anu ngahiji jeung Kristus Yesus. Karepna rek disina jaradi kawula cara bareto deui.

⁵Tapi sim kuring teu undur barang satapak, tetep ngajaga supaya Injil Kasalametan tetep murni katampana ku aranjeun.

⁶Ari jelema-jelema anu disarebut pamingpin sim kuring make ucapan kieu lantaran pikeun sim kuring mah sanajan maranehna pangkat naon ge sarua bae, da Allah oge moal ningali kana kaayaan lahirna aranjeunna mah teu ngaraos kaabotan naon-naon.

⁷ Malah ku aranjeunna kahartieun, yen sim kuring ku Allah memang dipiwarang nginjilan bangsa nu lain Yahudi, cara Petrus bae dipiwarang nginjilan urang Yahudi.

⁸ Sabab Roh Allah ka sim kuring maparin kamampuh nginjilan bangsa nu lain Yahudi, ka Petrus maparin kamampuh nginjilan urang Yahudi. Ari geus ngalartoseun mah yen kawajiban sim kuring ti Allah teh memang kitu,

⁹ Yakobus, Petrus, jeung Yohanes, anu kasebutna jaradi pamingpin, nyalaman ka Barnabas jeung ka sim kuring, nandakeun geus jadi sakanca. Itu ieu geus satuju: Barnabas jeung sim kuring nginjilan bangsa nu lain Yahudi, aranjeunna nginjilan urang Yahudi.

¹⁰ Pamundutna ngan sarupa, nya eta supaya sim kuring ge inget ka anu mariskin nu aya dina cepengan aranjeunna. Atuh puguh eta mah, lantaran angen-angen kaula oge kitu.

¹¹ Tapi waktu Petrus keur di Antioki, kapaksa ku sim kuring diweweleh, lantaran tetela anjeunna salah.

¹² Harita anjeunna teh keur tuang, bareng jeung dulur-dulur nu lain urang Yahudi. Naha barang jol aya jelema-jelema utusan Yakobus, ngadak-ngadak ngajauhkeun anjeun ti dulur-dulur nu lain Yahudi tea, tuangna teu terus jeung maranehanana, sieuneun dipaido

ku eta anu daratang, tukang ngudukeun kabeh jelema disunat.

¹³Dulur-dulur sejenna, urang Yahudi, sarua kecingna jeung munapekna jeung Petrus. Dalah Barnabas pisan kabawakeun kecing ku aranjeunna.

¹⁴Ku sabab peta aranjeunna kitu teh sidik henteu sajalan jeung kamurnian eusi Injil Kasalametan, harita keneh Petrus ku sim kuring dicawad terang-terangan. Ceuk sim kuring, "Ongkoh anjeun teh urang Yahudi, nanging ari hirup sapertos sanes Yahudi! Atuh kumaha tiasa maksa nu sanes Yahudi?"

¹⁵Nurutkeun kalahiran mah memang sim kuring teh bangsa Yahudi, lain bangsa sejen anu ceuk bangsa sim kuring mah "Jelema umat dosa".

¹⁶Tapi sanajan kitu ge sim kuring terang, yen jelema bisa diangken bener ku Allah teh lain ku pedah ngalaksanakeun Hukum Agama Yahudi, tapi ku lantaran percaya ka Yesus Kristus. Bangsa sim kuring oge kitu, supaya bisa diangken bener ku Allah teh kudu ku jalan percaya ka Kristus, lain ku jalan ngalakonan Hukum Agama Yahudi. Jadi saurang ge moal aya anu diangken bener ku Allah pedah netepan eta Hukum.

¹⁷Ayeuna, upama bangsa sim kuring sanggeus ihtar supaya diangken bener ku Allah ku jalan hirup ngahiji jeung Kristus, tapi masih keneh jadi jelema-jelema dosa, saperti

jelema-jelema lain Yahudi, naha eta dosana teh dilantarankeun ku Kristus? Lain!

¹⁸ Lamun sim kuring nepi ka ngadegkeun deui pola Hukum Agama Yahudi anu ku sim kuring geus diruag, atuh sim kuring teh nembongkeun maneh ngalanggar eta Hukum.

¹⁹ Padahal sim kuring geus maot tina hukum eta, dipaehkeun ku Hukum eta keneh, supaya bisa hirup pikeun Allah. Sim kuring geus dihukum paeh jeung Kristus dina salib-Na.

²⁰ Ayeuna anu hirup di jero diri sim kuring geus lain sim kuring, tapi Kristus. Ieu hirup anu keur dilakonan teh, hirup reujeung percaya ka Putra Allah, anu geus ngurbankeun hirup-Na ku anjeun ku tina asih-Na ka sim kuring.

²¹ Ieu sih kurnia pamohalan ku sim kuring ditolak. Lamun manusa bisa diangken bener ku netepan Hukum Agama Yahudi, atuh pangorbanan Kristus nepi ka pupus teh mubadir!

3 ¹Dulur-dulur, urang Galata! Kapangaruhan ku saha nepi ka jadi barodo kitu? Kapan hal pupusna Kristus lantaran disalib teh ku sim kuring geus eces pisan diterangkeunana!

²Coba jawab: Aranjeun pang narampa Roh Allah teh pedah ngalakonan Hukum Agama Yahudi, atawa ku lantaran ngadenge sarta percaya kana eta Injil Kasalametan?

³Ku naon jadi barodo kitu? Geus bener-bener hirup aranjeun mimiti nurutkeun panuyun

Roh Allah, ku naon ayeuna marake jalan tarekah sorangan?

⁴Naha teu aya pisan karasana pangalaman hirup nu enggeus-enggeus teh? Piraku!

⁵Aranjeun ku Allah geus dipaparinan Roh-Na, geus narenjo kaahengan-kaahengan ti Mantenna. Naha pang kitu teh pedah ngalakonan Hukum Agama Yahudi, atawa ku lantaran ngadenge jeung percaya kana Injil Kasalametan tea?

⁶Sing aringet, Ibrahim kumaha? Ceuk Kitab Suci, "Anjeunna percaya ka Allah, sarta ku lantaran percaya, anjeunna diangken bener."

⁷Sakitu tetelana, anu saenyana turunan Ibrahim teh nya eta anu percaya ka Allah.

⁸Geus diwejangkeun dina Kitab Suci, bangsa-bangsa nu lain Yahudi bakal diangken bener ku Allah, asal percaya ka Mantenna. Eta Injil Kasalametan teh dina Kitab Suci disebutkeun geus dijangjikeun ku Allah ka Ibrahim, ungelna, "Ku jalan maneh sakumna manusa bakal dipaparinan berkah Allah."

⁹Ibrahim percaya, anu matak ku Allah diberkahan. Nya kitu, kabeh sakur anu percaya cara anjeunna bakal dipaparin berkah.

¹⁰Anu ngagantungkeun hirupna kana Hukum Agama, hirupna kaancam ku hukuman. Sabab ceuk Kitab Suci, "Saha-saha anu henteu enya-enya ngalakonan sakur anu ditulis dina

Kitab Hukum Agama, tangtu dihukum ku Allah."

¹¹ Jadi tetela, saurang ge moal aya anu diangken bener ku Allah pedah ngalakonan eta Hukum Agama. Sakumaha ceuk Kitab Suci, "Anu bakal hirup ngan anu percaya ka Allah sarta anu ku Mantenna diangken bener."

¹² Hukum Agama Yahudi sabalikna, henteu ngandelkeun kana kapercayaan. Sakumaha ceuk Kitab Suci, "Anu ngalakonan sakabeh Hukum Agama Yahudi tangtu hirup."

¹³ Tapi urang mah geus leupas tina ancaman jeung panyapa eta Hukum Agama. Geus dileupaskeun ku Kristus. Nya Anjeunna anu nandangan panyapana, jadi gaganti urang. Hal eta kieu diungelkeunana dina Kitab Suci, "Anu dihukum gantung dina tihang kai, jelema anu disapa ku Allah."

¹⁴ Pang Kristus nepi ka kersa kitu, nya eta supaya berkah anu ku Allah dijangjikeun ka Ibrahim tea bisa oge katampa ku bangsa-bangsa nu lain Yahudi. Ku jalan percaya ka Kristus Yesus, urang oge dipaparin Roh Allah anu dijangjikeun ka Ibrahim.

¹⁵ Dulur-dulur! Ieu aya conto tina kahirupan sapopoe. Upama dua jelema geus satuju kana hiji perkara dina surat perjangjian anu geus ditanda tangan, moal aya jelema saurang ge nu bisa ngabatalkeun eta perjangjian, atawa nambahsan eusina.

¹⁶Ayeuna, Allah geus ngadamel perjangjian ka Ibrahim jeung turunanana. Eta kecap turunan ditulisna dina Kitab Suci henteu make kecap jama "turunan-turunan", anu nuduhkeun loba. Ditulisna make kecap tunggal, "turunan", tegesna ngan saurang, nya eta Yesus Kristus.

¹⁷Maksud sim kuring, Allah ngadamel jangji jeung Ibrahim teh samemeh aya Hukum Agama, sarta Mantenna jangji bakal ngalaksanakeun perjangjiana-Na. Hukum Agama kaluarna opat ratus tilu puluh taun ti harita, tangtu moal bisa ngabatalkeun eta perjangjian, moal bisa ngaleungitkeun jangji Allah.

¹⁸Ari sih kurnia Allah gumantung kana Hukum Agama mah tandana Allah henteu nyepeng kana perjangjiana-Na. Padahal pang Allah maparinkeun eta sih kurnia ka Ibrahim teh lantaran Mantenna geus jangji.

¹⁹Ari Hukum Agama pikeun naon atuh? Eta mah pikeun panambah, pikeun nuduhkeun yen manusa geus ngalanggar. Hukum Agama sipatna ngan pikeun saheulaanan, waktuna ngan nepi ka mangsa sumpingna turunan Ibrahim anu dijangjikeun tea. Hukum Agama diturunkeunana ku malaikat-malaikat, diserenkeunana ka hiji jelema anu jadi wawakil.

²⁰Anu diwakilan teh tangtu jalma rea, da ari ngan eta saurang mah teu perlu ku wawakil. Ari Allah kapan ngan hiji.

²¹Lamun kitu Hukum Agama teh meureun papalingpang jeung jangji Allah? Sama sakali henteu! Sabab lamun jelema bisa hirup ku ngalakonan Hukum Agama, unggal jelema oge tangtu bisa diangken bener ku Allah, asal tigin kana eta Hukum Agama.

²²Padahal ceuk Kitab Suci, saalam dunya geus katalikung ku kawasa dosa. Ku lantaran kitu, sih kurnia anu dijangjikeun ku Allah teh kakara bisa katampa lamun geus percaya ka Kristus.

²³Tapi samemeh nepi kana waktu urang percaya ka Kristus, urang teh dikerem rapet ku aturan-aturan eta Hukum Agama lir dipanjara, nepi ka datang mangsana urang percaya.

²⁴Jadi gunana eta Hukum Agama teh pikeun ngincer ngawaskeun kasalahan-kasalahan urang nepi ka mangsa sumping Kristus. Geus kitu kakara urang bisa diangken bener ku Allah, lamun percaya ka Anjeunna.

²⁵Ayeuna, ku sabab anu kudu dipercaya geus aya, geus waktuna manusa percaya ka Kristus. Ayeuna hirup urang geus henteu diawaskeun deui ku eta Hukum Agama.

²⁶Ku sabab geus percaya ka Kristus Yesus, hirup geus ngahiji jeung Anjeunna, aranjeun teh geus jaradi putra Allah.

²⁷ Aranjeun geus dibaptis disatunggalkeun jeung Kristus, geus kabulen ku sipat Kristus ku anjeun.

²⁸ Ku lantaran kitu, boh urang Yahudi, boh nu lain Yahudi, boh jelema merdeka, boh jelema kumawula, boh awewe, boh lalaki, geus henteu dibeda-beda, geus ngajadi hiji dina katunggalan jeung Kristus Yesus.

²⁹ Ku sabab geus jadi kagungan Kristus, aranjeun teh jadi turunan Ibrahim anu bakal nampa berkah anu dijangjikeun ku Allah tea.

4 ¹Tapi urang teruskeun kieu: Hiji anak lalaki anu bakal narima kakayaan bapana, sapanjang can sawawa mah hakna disaruakeun jeung badega, sanajan saenyana mah boga sagala rupa.

²Sapanjang can sawawa, aya jelema-jelema anu ngajaga dirina jeung ngurus sagala kapentingan manehna, nepi ka waktu anu geus ditangtukeun ku bapana.

³Urang oge kitu, samemeh rohani urang sawawa mah jaradi keneh badegana roh-roh ieu dunya.

⁴Sanggeus waktuna cunduk, Allah ngutus Putra-Na ka ieu dunya ku jalan dilahirkeun sakumaha urang ku indung, sarta hirup Anjeunna kaereh ku Hukum Agama,

⁵pikeun ngaleupaskeun manusa anu dibawah ku Hukum Agama, supaya bisa ditarima jadi putra-putra Allah.

⁶Pikeun bukti yen aranjeun putra-putra Allah, Allah ngutus Roh Putra-Na ka jero hate aranjeun, nya eta Roh anu nyambat ka Allah, "Ama, nun Ama!"

⁷Jadi aranjeun geus lain badega deui, geus jaradi putra, sarta ku Allah bakal dipaparin sagala rupa kagungana-Na.

⁸Keur waktu tacan tarerang ka Allah, aranjeun ngawula teh ka kakawasaan anu dianggap allah, padahal enyana mah lain Allah.

⁹Ari geus tarerang ka Allah atawa: Allah anu kenal ka aranjeun ku naon rek baralik ngawula deui ka roh-roh ieu dunya anu teu aya dayana? Naha make daek dijadikeun badega ku roh-roh ieu dunya?

¹⁰Make aya poe, bulan, musim, jeung taun, anu ku aranjeun dipupusti dipestakeun.

¹¹Hariwang sim kuring mah, sieun pagawean meunang hese cape pikeun aranjeun teh mubadir!

¹²Cik aranjeun teh sing cara sim kuring ka aranjeun. Ari ka sim kuring mah aranjeun teu aya salah naon-naon.

¹³Meureun aringet keneh kumaha asalna sim kuring ngawartakeun Injil Kasalametan ka aranjeun, nya eta lantaran sim kuring katarajang gering.

¹⁴Harita, sakitu kaayaan badan sim kuring kacida ngarepotkeunana ka aranjeun, aranjeun teu geuleuh, teu nitah nyingkah,

malah narima ka sim kuring cara ka malaikat
ti sawarga, malah cara ka Kristus Yesus,

¹⁵ bari jeung asa meunang nugraha!
Tapi kumaha ayeuna? Harita mah ceuk
wiwilanganana, kajeun kudu nyokel panon
sorangan pikeun kaperluan sim kuring,
aranjeun mo burung iklas.

¹⁶ Ayeuna pedah sim kuring tadi ngutik-
ngutik, naha aranjeun moal nganggap musuh
ka sim kuring?

¹⁷ Dulur-dulur! Jelema-jelema anu siga
gede perhatianana ka aranjeun teh tekadna
goreng, rek misahkeun aranjeun ti sim
kuring, sina tamplok ka maranehanana.

¹⁸ Gede perhatian memang alus ari pikeun
tujuan hade mah, jeung kudu tetep kitu, ulah
ngan ari keur aya sim kuring bae.

¹⁹ Anaking! Sapanjang sipat-sipat Kristus
tacan jadi sipat-sipat aranjeun, sim kuring
kacida ngarasa paurna, mani asa nyeri cara
nyeri awewe nu ngajuru.

²⁰ Nataku hayangna sim kuring teh aya di
aranjeun ayeuna, supaya bisa nempongkeun
budi sejen ka aranjeun. Kacida melangna sim
kuring ka aranjeun teh!

²¹ Sim kuring arek nanya ka sakur anu
harayang dibawah ku Hukum Agama
Yahudi: Aranjeun can ngadarenge naon anu
disebutkeun ku eta Hukum?

²²Eta Hukum nyebutkeun, yen Ibrahim kagungan dua putra pameget, hiji ti istri asal badega, hiji deui ti istri asal merdeka.

²³Putra ti istri asal badega dilahirkeunana sakumaha ilaharna. Ari putra ti istri anu merdeka, dilahirkeunana teh pikeun bukti tina jangji Allah.

²⁴Ieu bisa dijieun ibarat: Eta dua istri teh ngibaratkeun dua rupa perjangjian Allah. Nu saurang nya eta Hajar, anu asalna ti Gunung Sinai, anu anak-anakna jaradi badega,

²⁵ngibaratkeun perjangjian anu di Gunung Sinai, di nagri Arab, jeung ngupamakeun kota Yerusalem ayeuna jeung sakabeh rahayatna anu jaradi budak.

²⁶Istri nu saurang deui anu merdeka, ngibaratkeun Yerusalem sawarga, ibu urang.

²⁷Sabab ceuk Kitab Suci, "Eh istri gabug! Masing bungah! Eh nu tacan ngarasa nyerina ngajuru, masing gerah! Sabab istri anu ditinggalkeun ku salakina teh bakal leuwih loba anakna, ti batan anu terus direujeungan ku salakina."

²⁸Dulur-dulur! Aranjeun oge putra-putra Allah, anu lahir ku karana jangji Allah, saperti Ishak.

²⁹Jaman harita, anak anu dilahirkeunana sakumaha ilaharna teh nganiaya ka anu dilahirkeunana ku karana pangersa Roh Allah. Jaman ayeuna oge kawas kitu.

³⁰Tapi kumaha ceuk Kitab Suci? Kieu, "Singkirkeun eta badega awewe teh jeung anakna, sabab anak ti manehna mah moal dijieu ahli waris cara anak ti awewe anu merdeka."

³¹Jadi dulur-dulur! Urang teh lain anak ti awewe asal badega, tapi turunan ti awewe merdeka.

5 ¹Urang geus bebas, merdeka, geus dibebaskeun ku Kristus! Sing tetep jadi jelema bebas, ulah daraek dibudakkeun deui.

²Inget, lamun aranjeun daraek disunat, Kristus moal aya hartina deui pikeun aranjeun. Ieu mah ceuk sim kuring, Paulus.

³Sakali deui: Saha-saha anu mikeun dirina disunat, wajib ngalakonan sagemblengna Hukum Agama Yahudi!

⁴Lamun aranjeun harayang diangken bener ku Allah ku jalan ngalakonan Hukum Agama, hartina aranjeun megatkeun maneh ti Kristus, pegat ti sih kurnia Allah.

⁵Padahal pang urang bisa diangken bener ku Allah teh ngan ku karana pitulung Roh Mantenna, lamun urang percaya ka Mantenna.

⁶Pikeun anu hirupna ngahiji jeung Kristus Yesus, disunat jeung teu disunat teu jadi sual. Nu perlu mah nya eta percaya, ari percaya bisa ditembongkeunana teh ku silih pikanyaah.

⁷ Nu bareto dijalankeun ku aranjeun teh geus sakitu alusna. Ku naon eta anu bener teh henteu terus dituturkeun? Saha anu ngawujuk?

⁸ Tangtu lain Allah, anu geus nyaur aranjeun.

⁹ Ceuk paribasa, "Ragi saeutik matak beukah saadonan."

¹⁰ Tapi sim kuring percaya keneh aranjeun moal nepi ka robah pamadegan, moal udar tina hirup ngahiji jeung Gusti. Jeung sim kuring yakin, jelema anu ngusutkeun kapercayaan aranjeun, saha bae, tangtu dihukum ku Allah.

¹¹ Sabalikna, lamun sim kuring ngajar yen sunat teh perlu, ku naon terus dimusuhan? Lamun bener sim kuring ngajar kitu, meureun ngawawarkeun hal salib Kristus teh moal hese.

¹² Jelema-jelema anu ngicuk-ngicuk aranjeun teh mending sina aringkah, kaluar ti jamaah!

¹³ Dulur-dulur! Aranjeun geus disalaur supaya bebas merdeka. Eta kabebasan ulah dipake ngumbar kahayang, kudu dipake silih pikanyaah, silih bantu.

¹⁴ Kapan parentah-parentah Hukum Agama oge karagum ku hiji timbalan kieu, "Kudu masing nyaah ka batur saperti ka diri sorangan."

¹⁵ Lamun silih segag silih cakar, ahirna sarerea bakal binasa. Kahade, sing ati-ati.

¹⁶Anu dipimaksud ku sim kuring teh nya eta, sing narurut kana panuyun Roh Allah, ulah nurut kana kahayang napsu.

¹⁷Kahayang napsu papalingpang jeung pangersa Roh Allah, pangersa Roh Allah papalingpang jeung kahayang napsu jelema. Duanana silih lawan, temahna aranjeun moal bisa ngalampahkeun naon-naon.

¹⁸Lamun nurutkeun panuyun Roh Allah, hirup aranjeun geus henteu kabawah ku Hukum Agama Yahudi.

¹⁹Napsu badan ngajakna kana rucah, aeb, teu uni,

²⁰muja brahala, sihir, ngamusuh, gelut, dengki, ngumbar amarah, meningkeun sorangan, papecah,

²¹sirik-pidik, beuki kana mabok, ria-ria, jeung salian ti eta. Sim kuring rek ngingetan deui cara nu enggeus-enggeus yen anu kalakuanana kitu moal meunang tempat di Karajaan Allah.

²²Sabalikna anu hirupna dituyun ku Roh Allah mah sipatna teh nyaahan, galumbira, resep rapih, tengtrem hate, sabar, hade ka batur, leuleuy, satia,

²³handap asor, nahan napsu. Ieu kabeh teu aya anu patukang tonggong jeung hukum.

²⁴Napsu badan jeung sagala pangajakna teh ku jelema anu geus jadi kagungan Kristus Yesus mah geus dipaehkeun.

²⁵Ku sabab urang hirup teh ku Roh Allah, tangtu kudu nurut kana panuyunna.

²⁶Ulah adigung, ulah silih nyenyeri, jeung ulah silih dengkian.

6 ¹Lamun aya batur migawe teu bener, pepelingan ku aranjeun, anu ariman. Tapi mepelinganana sing leuleuy, jeung kahade bisi aranjeun sorangan kabawakeun.

²Kudu silih bantu kabeubeurat, nekanan hukum Kristus.

³Anu sok ieu aing jelema penting padahal teu aya naon-naonna, sasat ngabobodo maneh.

⁴Pariksa kalakuan sorangan, lamun bener, atohna rarasakeun bae, teu kudu dibanding-banding jeung kalakuan batur,

⁵sabab masing-masing kudu tanggung jawab kana kalakuanana sorangan.

⁶Anu geus nampa pangajaran Kristus, kudu nempongkeun kalakuan anu hade, tanda tumarima ka nu ngajarna.

⁷Ulah boga sangka Allah beunang dibobodo. Naon anu ku urang dipelakan, eta nu kaala hasilna.

⁸Melak anu asalna tina kahayang badani, tina eta pepelakan, maot nu bakal kaala. Melak anu asalna ti Roh Allah, hirup langgeng anu asal ti Roh Allah nu bakal kaala.

⁹Jadi ulah bosen-bosen nyieun kahadean, supaya dina waktuna ngala, upama urang teu eleh ku kabosen, kabeh hasilna tangtu kaala.

¹⁰Ku sabab eta, saban aya kasempetan sing getol migawe kahadean ka sing saha bae, komo ka batur sakapercayaan mah.

¹¹Tulisan anu ieu aksarana baradag! Sim kuring sorangan anu nuliskeunana.

¹²Jelema-jelema anu mamaksa aranjeun disunat teh ngan ngagedekeun sual-sual lahir. Pamalarna taya lian, sangkan ulah nepi ka milu dikakaya ku urang Yahudi tina sabab salib Kristus.

¹³Sanajan maranehanana disunat oge narurut kana Hukum agama Yahudi mah henteu. Maksa-maksakeun sunat ka aranjeun teh ngan ngarah kapuji geus bisa ngeunakeun eta ciri lahir ka aranjeun.

¹⁴Ari kaagul sim kuring mah ngan Gusti urang Yesus Kristus anu geus pupus disalib. Sabab ku pupusna Anjeunna disalib teh pikeun sim kuring mah dunya geus teu aya hartina, nya kitu deui sim kuring pikeun dunya lir geus maot.

¹⁵Disunat teu disunat teu jadi sual, nu perlu mah jadi manusa anyar.

¹⁶Mugia anu pamadegan hirupna kieu, bareng jeung sakumna umat Allah sing disiram ku rahmat jeung kanugrahaan ti Allah.

¹⁷Mugia ti semet ieu mah aranjeun henteu nyusahkeun deui hate sim kuring, sabab dina diri sim kuring aya tapak-tapak anu

nandakeun yen sim kuring teh abdina Yesus Kristus.

¹⁸ Mugi-mugi Gusti urang Yesus Kristus maparin rahmat salamet ka aranjeun, dulur-dulur! Amin. Wassalam, Paulus

Efesus

1 ¹(1:1-2) Dumateng sakumna umat Allah di Epesus anu pengkuh satunggal jeung Kristus Yesus. Sim kuring, Paulus, anu ku Allah dijadikeun rasulna Kristus Yesus nyuratan, mugia aranjeun ginanjar rahmat rahayu ti Allah Rama urang jeung ti Gusti urang Yesus Kristus.

²(1:1)

³Urang ngahaturkeun nuhun ka Allah Ramana Gusti urang Yesus Kristus! Sabab urang anu geus jadi hiji jeung Kristus dipaparin sagala berkah rohani ti sawarga.

⁴Malah ti memeh dunya gumelar, urang geus dipilih baris dijadikeun milik kagungan Mantenna ku disatunggalkeun jeung Kristus, supaya suci jeung mulus di payuneuna-Na. Ku karana asih-Na,

⁵Allah geus nangtukeun yen urang baris diangkat jadi putra-putra-Na, ku jalan Yesus Kristus. Kitu pangersa jeung tujuan Mantenna.

⁶Haturkeun nuhun ka Allah. Kurnia-Na anu dipaparinkeun ka urang ku jalan Putra kaasih-Na teh kacida agungna.

⁷Sabab ku pupusna Kristus teh urang jadi leupas tina dosa, tegesna dosa-dosa urang dihampura. Maha agung rahmat Allah

⁸anu dipasihkeun ka urang, sakitu jembarna!
Kalawan bijaksana sarta pinuh ku malum,

⁹Allah ngajalankeun tujuana-Na, sarta
urang ku Mantenna dibere terang rasiah
rarancang-Na. Mantenna geus mutus yen
eta rarancang-Na teh ku Mantenna bakal
direngsekeun ku jalan Kristus.

¹⁰Eta rarancang, anu ku Allah baris
dilaksanakeun dina waktuna teh nya eta:
Sakumna mahluk, saniskara nu di sawarga
jeung nu di bumi, baris dihijkeun jeung
Kristus, sarta Kristus anu jadi kapalana.

¹¹Saniskara kabeh jadina teh nurutkeun
rarancang jeung pangersa Allah. Urang
pangna dipilih supaya jadi umat-Na anu
ngahiji jeung Kristus teh nya ku karana geus
kitu tujuan Mantenna, anu geus dipastikeun
ti asal mimiti pisan.

¹²Ku sabab kitu, urang anu pangheulana
ngaharep ka Kristus, wajib muji kaagungan
Allah.

¹³Ti barang mimiti narima amanat-Na
anu ngandung kayaktian, nya eta Injil
Kasalametan anu bakal nyalametkeun,
aranjeun teh geus jadi umat Allah, percaya
ka Kristus, ku Allah diterapan cap tanda
kagungana-Na nya eta Roh Suci, numutkeun
jangji-Na.

¹⁴Nya Roh Suci anu nanggung yen jangji
Allah ka umat-Na teh tangtu katarima ku
urang. Ku hal eta urang yakin yen Allah

bakal ngamerdekaeun umat-Na. Mulyakeun kaagungan Mantenna!

¹⁵ Barang terang aranjeun geus percaya ka Gusti Yesus jeung mikanyaah ka sakumna umat Allah,

¹⁶ sim kuring teu kendat nganuhunkeun ka Allah. Unggal neneda aranjeun teh kaingetkeun,

¹⁷ dipangnyuhunkeun sing dipaparin Roh Allahna Gusti urang Yesus Kristus, Rama nu agung. Sabab Roh Mantenna teh bakal minterkeun aranjeun, bakal nerangkeun hal Allah nepi ka aranjeun terang ka Mantenna.

¹⁸ Dipangnyuhunkeun sing dicaangkeun pikiran, supaya ngarti kana maksad Mantenna, supaya terang kana eusi harepan anu dipaparinkeun ku Mantenna pangna nyaur urang. Jeung supaya terang yen berkah-berkah anu dijangjikeun ka umat-Na teh jembar jeung mulya.

¹⁹ Oge supaya terang rongkahna kakawasaan Mantenna anu dianggo barangdamel di urang anu percaya, nya eta kakawasaan

²⁰ anu geus dianggo ngahirupkeun deui Kristus ti nu maraot jeung ngalinggihkeun Anjeunna di tengeneun Allah di sawarga.

²¹ Kristus dipunjulkeun ti sakabeh raja, ti nu nyarekel kawasa, ti nu malurba, ti nu nyarekel paparentahan, dipaparin gelaran anu pangpunjulna dina jaman kiwari jeung jaman aherat engke.

²² Saniskara ku Allah ditalukkeun ka Kristus anu jadi sirah gareja, jadi Gustina saniskara.

²³ Jadi gareja teh salirana Kristus anu mepekan kasampurnaana-Na, ari kasampurnaan Anjeunna nyampurnakeun saniskara.

2 ¹ Bareto, mungguh rohani mah aranjeun teh paeh ku karana dosa, baha ka Allah.

² Waktu eta aranjeun teh nuturkeun kabiasaan-kabiasaan dunya anu jahat, tunduk ka kapala lelembut-lelembut di awang-awang, anu nepi ka ayeuna murba kana batin manusa anu ngalawan ka Allah.

³ Urang sarerea oge tadina mah kitu, ngabdi kana kahayang jasmani, ngajujur napsu jeung angen-angen, teu beda ti anu rea anu nandangan bebendu Allah.

⁴ Tapi Allah teh jembar ku piwelas, sakitu asih-Na ka urang.

⁵ Urang anu keur paeh rohani lantaran baha, ku Mantenna dihirupkeun deui bareng jeung Kristus. Jadi pang urang salamet teh ku karana sih kurnia Allah.

⁶ Urang nu satunggal jeung Kristus Yesus bareng dihudangkeun tina maot supaya milu marentah di sawarga jeung Kristus Yesus.

⁷ Pang Allah midamel kitu teh supaya manusa di jaman engke nyaraho kana sih kurnia-Na anu sakitu luar biasana ka anu satunggal jeung Kristus.

⁸(2: 8-9) Aranjeun oge pang salamet teh ku karana sih kurnia Allah lantaran percaya ka Yesus, nugraha ti Allah, lain beunang ihtar sorangan. Moal aya jelema anu salamet ku ihtiarna sorangan, jadi ulah nyombong ku hal eta.

⁹(2: 8)

¹⁰Urang teh dadamelan Allah, diwangun dina kasatunggalan jeung Kristus Yesus pikeun ngalampahkeun kahadean-kahadean anu diparentahkeun ku Allah.

¹¹Aranjeun nu lain bangsa Yahudi, tangtu aringet kumaha kaayaan aranjeun bareto. "Jelema teu disunat" disebutna ku urang Yahudi, anu nyebut dirina sorangan umat anu disunat (nu make tanda beunang jelema dina dirina).

¹²Harita mah aranjeun teh pisah ti Kristus, teu kaasup umat pilihan Allah, teu kasebut dina perjangjian-perjangjian ti Allah ka umat-Na, tuna harepan jeung teu baroga Allah.

¹³Tapi ayeuna sanggeus ngahiji jeung Kristus, nu asal jauh ti urang Yahudi teh jadi raket, diraketkeun ku pupusna Kristus.

¹⁴Kristus geus ngarapihkeun urang Yahudi jeung nu lain Yahudi, disahijkeun. Tembok mumusuhan anu misahkeunana geus rugrug ku pupusna Kristus.

¹⁵Hukum Agama Yahudi jeung rukun-rukunna ku Kristus geus dipupus, supaya

bangsa Yahudi jeung nu lain Yahudi bisa dihijkeun jadi hiji bangsa anyar anu ngahiji jeung Anjeunna. Ku jalan kitu maranehna dirapihkeun,

¹⁶ mumusuhanana ku Kristus disirnakeun ku pupusna dina kayu salib. Ku jalan Anjeunna disalib, dua bangsa anu mumusuhan teh dijadikeun sabadan, disanggakeun deui ka Allah.

¹⁷ Kristus sumping ngawulangkeun eta sual karapihan anu dibawa ku Injil Kasalametan, ka aranjeun anu lain bangsa Yahudi, anu jauh ti Allah jeung ka urang Yahudi anu deukeut ka Allah.

¹⁸ Nya ku jalan Kristus urang kabeh, nu bangsa Yahudi jeung nu lain Yahudi gumulung dina hiji Roh, datang ka payuneun anu jumeneng Rama.

¹⁹ Ayeuna mah aranjeun anu lain bangsa Yahudi teh lain bangsa sejen deui, geus papada jadi warga umat Allah, jadi anggota-anggota kulawarga Allah,

²⁰ nangtung dina pademen anu dipasang ku rasul-rasul jeung nabi-nabi, dikukuhkeun ku Kristus anu jadi batu juruna.

²¹ Nya Anjeunna anu jadi pangkuh adeganana ngajadi hiji adegan suci anu diabdikeyun ka Allah.

²² Ku jalan ngahiji jeung Kristus, aranjeun oge milu ngadeg jeung nu sejen-sejen ngajadi hiji tempat panglinggihan Allah katut Roh-Na.

3¹ Ku sabab eta sim kuring, Paulus, anu dipanjara lantaran ngabdi ka Kristus pikeun kapentingan aranjeun nu lain bangsa Yahudi, mangnedakeun aranjeun ka Allah.

2² Tangtu aranjeun geus tarerang, yen ku karana kasaean Allah sim kuring ngemban parentah-Na keur kapentingan aranjeun,

3³ sarta ku Mantenna dipaparin wahyu, dibere terang perkara rasiah rarancang pangersa-Na. (Hal ieu ku sim kuring geus ditulis saperluna.)

4⁴ Mun aranjeun maraca eta tangtu terang sababna pang sim kuring terang kana rasiah perkara Kristus.)

5⁵ Baheula-baheula can aya anu dibere nyaho eta rasiah. Tapi ayeuna mah kalawan pangersa Allah geus diwahyukeun ku Roh Suci ka rasul-rasul jeung nabi-nabi.

6⁶ Eusi eta rasiah kieu: Bangsa-bangsa nu lain Yahudi kudu diawaran hal pisalameteun supaya mareunang berkah Allah bareng jeung bangsa Yahudi, sina jaradi anggahota sabadan, satunggal jeung Kristus, supaya mareunang bagian tina hal anu dijangjikeun ku Allah.

7⁷ Allah maparin nugraha ka sim kuring, nya eta tugas nguarkeun Injil Kasalametan. Eta nugraha dipaparinkeunana ku jalan kakawasaan Mantenna anu barangdamel di jero hate sim kuring.

⁸ Sim kuring teh panglaipna ti sakabeh umat Allah, tapi dipaparin kahormatan mawa Injil Kasalametan ka jalma-jalma lain bangsa Yahudi, wawaran ngeunaan kasugihan Kristus anu taya watesna,

⁹ jeung kudu nerangkeun jalanna Allah ngalaksanakeun eusi rasiah rarancang pangersa-Na. Eta rasiah tadina geus mangabad-abad tetep dirasiahkeun ku Allah, Khalikna saniskara.

¹⁰ Maksad-Na supaya kiwari diwawarkeun ku gareja, sangkan para panguasa jeung kakuatan-kakuatan di langit nyarahoeun kana sagala wujud kabijaksanaan Allah.

¹¹ Hal eta ku Allah geus dilaksanakeun, saluyu jeung tujuan Mantenna anu sipatna langgeng. Ari anu ngajalankeunana nya eta Kristus Yesus, Gusti urang.

¹² Ku percaya ka Kristus sarta satunggal jeung Anjeunna, urang jadi meunang jalan pikeun ngadeuheus ka payuneun Allah reujeung hate anu yakin.

¹³ Ku hal eta aranjeun ulah salempang ku anu karandapan ku sim kuring, sabab eta keur pijamugaeun aranjeun.

¹⁴ (3: 14-16) Keur pijamugaeun aranjeun sim kuring tapak deku ka payuneun Rama, Allah anu maha mulya, anu maparin ngaran ka tiap kulawarga di sawarga jeung di bumi, nyuhunkeun mugi-mugi Roh Mantenna nguatkeun batin aranjeun.

¹⁵(3: 14)

¹⁶(3: 14)

¹⁷ Mugi-mugi hate aranjeun dianggo cicing ku Kristus lantaran geus percaya ka Anjeunna. Mugi-mugi hirup aranjeun jembar ku kanyaah anu ngakar kuat dina hate,

¹⁸ supaya aranjeun jeung sakumna umat Allah bisa neuleuman legana jeung panjangna, iuhurna jeung jerona kaasih Kristus.

¹⁹ Lamun aranjeun geus bisa ngahartikeun kaasih Kristus sanajan pamohalan bisa kaharti sagemblengna aranjeun bakal kaancikan ku sakumna kasampurnaan sipat Allah.

²⁰ Mulyakeun Allah! Kakawasaana-Na anu barangdamel di urang iasa ngabuktikeun sagala panuhun urang leuwih ti anu dikedalkeun, malah leuwih ti anu aya dina angen-angen keneh.

²¹ Mulyakeun Allah ku sakur anu satunggal jeung Kristus Yesus, nya eta gareja. Mulyakeun salalanggengna! Amin.

4 ¹ Sim kuring, anu keur dipanjara lantaran ngabdi ka Gusti meredih, hirup aranjeun sing sakumaha layakna anu geus disaur ku Allah.

² Salawasna kudu rendah ati, someah, sabar. Kudu silih pikanyaah, silih kanyahokeun.

³ Katunggalan anu diciptakeun ku Roh Allah teh piara sateka-teka, saratna nya eta kudu rukun sauyunan.

⁴ Pikeun aranjeun ngan aya hiji badan, jeung hiji Roh. Nya kitu deui pang aranjeun ku Allah disaur teh sangkan ngaharep kana hiji harepan anu eusina sarua.

⁵ Ngan hiji nu jadi Gusti, hiji iman kapercayaan, hiji baptisan,

⁶ ngan hiji Allah, anu jadi Rama sakumna manusa, Gusti sakabeh, anu barangdamel di sakabeh jeung aya di sakabeh.

⁷ Urang kabeh geus dipaparin kurnia masing-masing ku Kristus Yesus, kurnia anu cocog pikeun saurang-saurangna.

⁸ Sakumaha ceuk Kitab Suci: "Waktu Anjeunna unggah ka tempat nu pangluhurna, Anjeunna nyandak boyongan loba pisan. Anjeunna maparin kurnia-kurnia ka manusa."

⁹ Kecap "Anjeunna unggah" nuduhkeun yen Anjeunna tadina geus lungsur ka jero bumi nu pangjerona.

¹⁰ Jadi, Anjeunna anu geus lungsur teh nya Anjeunna anu unggah ka tempat nu pangluhurna di luareun sakabeh langit, pikeun jumeneng minuhan satungkebing alam.

¹¹ Anu "maparin kurnia-kurnia ka manusa" teh nya Anjeunna. Manusa teh aya anu dipaparin kurnia pikeun jadi rasul, aya nu pikeun jadi nabi, aya nu pikeun jadi juru uar Injil, aya nu pikeun jadi pamingpin jamaah, aya nu pikeun jadi guru jamaah.

¹²Ku midamel kitu Anjeunna teh nyampurnakeun umat Allah pikeun mangku tugas ti Mantenna, sina ngadeg jadi salira Kristus,

¹³satunggal dina hiji iman kapercayaan jeung dina kanyaho ka Putra Allah, sawawa mikir jeung beuki sampurna saperti Kristus.

¹⁴Lamun geus kitu urang teh geus lain barudak, moal kabawa ku ombak jeung angin gogoda, ku jelema-jelema anu nипу merdaya ngajar teu bener.

¹⁵Sabalikna urang kudu wani medar anu bener dibarengan ku seja mikanyaah. Beuki lila urang bakal beuki sampurna dina sagala hal saperti Kristus anu jadi sirah kasatunggalan urang.

¹⁶Dina pingpinan Anjeunna, anggahota-anggahota kasatunggalan teh nyusun rapih ngaranjing buku-buku jeung ruas-ruasna, jeung saniskara babagianana jalan nurutkeun kamistianana; sarta ku lantaran pada silih pikanyaah, bisa hirup mekarkeun dirina.

¹⁷Kalawan pajenengan Gusti, sim kuring mepelingan ka aranjeun. Ulah marake deui adat kalakuan jelema-jelema anu teu palercaya ka Allah. Nu karitu mah pikiranana minculak,

¹⁸batinna poek, lampah hirupna teu sapuk jeung hirup anu ti Allah da teu harayangeun nyaho, baredegong,

¹⁹ geus areuweuh kaera, hawa napsuna diabur, kalakuanana araeb sakarep-karep.

²⁰ Aranjeun geus terang tina piwuruk yen Kristus mah henteu kitu!

²¹ Tangtu bae aranjeun geus ngadarenge hal Anjeunna. Ku sabab aranjeun teh para panganut-Na, geus diajar oge hal sipat-sipat Allah anu aya di Anjeunna.

²² Ku sabab eta adat kabiasaan heubeul anu geus ruksak ku angen-angen anu sasar teh geura piceun.

²³ Ganti kabeh ku hate jeung pikiran anu anyar.

²⁴ Kudu jaradi manusa anyar anu diciptakeunana nurut tuladan Allah, hirup kudu bener, lempeng, suci.

²⁵ Ulah sok ngabarahong deui! Ka batur sakapercayaan kudu jujur, sabab kabeh geus jaradi anggahota salira Kristus.

²⁶ Lamun aya kaambek ulah katalanjuran nepi ka jadi dosa, jeung ari ambek ulah nepi ka sapoe jeput teu eureun-eureun.

²⁷ Ulah mere kasempatan ka Iblis.

²⁸ Anu geus biasa maling ulah maling deui, anggur singkil digawe nyiar napkah anu jujur, keur sorangan tur bisa dipake nulung ka batur anu eukeur kakurangan.

²⁹ Ari ngomong kudu hade pokpokanana, ulah matak pikanyerieun, kudu bisa dipake pituduh anu mangpaat ku anu merlukeunana.

³⁰ Ulah ngaraheutan Roh Allah anu suci, sabab Roh-Na teh geus jadi tanda yen aranjeun kagungana-Na, anu nanggung yen dina Poe ngamerdikakeun, aranjeun bakal dimerdikakeun.

³¹ Ulah nyerian hate, ulah ngunek-ngunek, ulah ngumbar amarah. Ulah sentak sengor, ulah aya rasa kangewa atawa anu sabangsa jeung eta.

³² Sabalikna kudu sareh, alus budi, jeung kudu silih hampura sakumaha aranjeun oge ku Allah geus dihampura ku karana Kristus.

5¹ Aranjeun geus diangken putra jeung dipikaasih ku Allah, jadi kudu nulad ka Mantenna.

² Hirup kudu dijiwaan ku kanyaah, sakumaha Kristus oge mikanyaah ka urang. Anjeunna mani ngurbankeun nyawa, disanggakeun ka Allah jadi kurban anu seungit pikamaheun.

³ Ku sabab aranjeun teh umat Allah, geus tangtu bae kalakuan anu cabul, atawa anu aeb, atawa sarakah, teu pantes aya di aranjeun, kecapna ge ulah disebut-sebut acan.

⁴ Ulah ngucapkeun deui basa anu cawokah, kotor, atawa teu pantes, leuwih hade muji sukur ka Allah.

⁵ Sing percaya, jelema anu ingkar tina susila, aeb, kitu deui sarakah (da sarakah teh sarua jeung nyembah brahala), moal jadi umat Karajaan Kristus jeung Allah.

⁶Kade, ulah kaperdaya ku omongan-omongan anu sipatna gejul. Sabab tina hal-hal nu karieu pisan pang Allah bendu ka nu baha ka Mantenna teh.

⁷Anu matak jelema-jelema karitu mah mending ulah dicampuran.

⁸Aranjeun oge tadina hirup teh di nu poek. Tapi ayeuna mah geus aya di nu caang lantaran geus jaradi umat Gusti. Ku sabab eta kalakuan oge kudu layak sakumaha kalakuan jelema-jelema anu caricing di nu caang.

⁹Sabab anu dipencarkeun ku caang mah nya eta sakur kalakuan anu hade, jujur, jeung bener.

¹⁰Kudu ngupayakeun maneh sangkan kamanah ku Pangeran.

¹¹Ulah milu-milu kana lampah mubadir jelema-jelema nu caricing di nu poek. Sabalikna anggur bawa maranehna ka nu caang.

¹²(Kalakuan maranehna di nu buni tea, urang mah nyebutkeunana ge geus era.)

¹³Ari dibawa ka nu caang mah naon-naon ge eces, kanyahoan kaayaanana anu sabenerna,

¹⁴sabab ditembongkeun ku caang. Eta sababna nu matak disebutkeun kieu: "Eh, nu hees geura nyaring, geura hudang ti enggon paeh, Kristus bakal nyaangan ka maneh."

¹⁵Ku sabab eta hirup teh kudu make temah wadi. Ulah cara anu burung, kudu cara anu pinter.

¹⁶ Saban aya kasempetan gunakeun sing hade-hade, sabab ayeuna teh jaman goreng.

¹⁷ Nu matak ulah bodo, sing awas kana pangersa Gusti.

¹⁸ Nginum anggur ulah nepi ka mabok, matak ruksak awak, sabalikna kudu kacicingan ku Roh Allah.

¹⁹ Nyarita jeung pada batur kudu make kecap-kecap tina jabur, tina pupujian, jeung tina kidung-kidung rohani. Pujikeun ka Gusti pupujian jeung jabur reujeung gumbira hate.

²⁰ Tina hal naon bae kudu muji sukur ka Allah Rama, bari nyebut pajenengan Gusti urang Yesus Kristus.

²¹ Reujeung batur kudu patunduk-tunduk, cirining ajrih ka Kristus.

²² Pamajikan kudu tunduk ka salaki cara ka Kristus.

²³ Sabab salaki teh wenang ka pamajikan, sakumaha Kristus wenang ka gareja, tur jadi Jurusalametna gareja anu jadi salira-Na ku anjeun.

²⁴ Eta sababna dina sagala hal pamajikan teh kudu tunduk ka salaki, sakumaha gareja tunduk ka Kristus.

²⁵ Salaki kudu nyaah ka pamajikan, cara Kristus mikaasih ka gareja nepi ka ngurbankeun nyawa-Na pikeun gareja.

²⁶ Kristus midamel kitu teh sangkan iasa ngaberesihan gareja ku piwulang-Na jeung

ku jalan pangbaptis, supaya bisa dibaktikeun ka Allah.

²⁷ Ku jalan kitu, gareja teh ku Kristus disina ngadeg di payuneuna-Na reujeung sagala kaagunganana, nya eta: murni, taya salahna, taya cedana, taya kusut-kerejutna atawa kateusampurnaan lianna.

²⁸ Nya kitu salaki teh kudu nyaah ka pamajikan, kawas nyaah ka dirina keneh.

²⁹ (Da moal aya jelema anu teu nyaah kana awakna sorangan, awakna teh dimemenan, diurus dipulasara, cara Kristus ka gareja;

³⁰ sabab urang teh anggahota salira Anjeunna.)

³¹ Ceuk Kitab Suci, "Ku sabab kitu lalaki teh bakal ninggalkeun indung bapana, terus ngahiji jeung pamajikanana, sarta duanana bakal jadi hiji."

³² Ieu ayat teh ngandung harti anu jero, anu ku sim kuring dipakaitkeun jeung hal satunggalna Kristus jeung gareja.

³³ Jeung aranjeun oge eta ayat teh aya pakaitna, nya eta: Unggal salaki kudu nyaah ka pamajikan saperti ka awak sorangan, unggal pamajikan kudu hormat ka salaki.

6¹ Barudak! Ari percaya ka Kristus mah kudu nurut ka kolot, sabab kalakuan kitu teh hade.

²"Kudu hormat ka bapa jeung ka indung" teh parentah kahiji ti Allah, anu make jangji kieu:

³"Supaya maraneh mulus jamuga dina sagala hal jeung supaya panjang umur hirup di lemah cai."

⁴Aranjeun nu jaradi kolot, ka anak ulah sakarep-karep nepi ka anak jadi ambekeun. Sabalikna, gedekeun anak teh make pranata jeung pangajaran-pangajaran kakristenan.

⁵Aranjeun, gandek-gandek, kudu ngesto ka dunungan aranjeun anu di dunya, kudu ngadegdeg sieun. Pigawe parentahna sing iklas lir ngesto ka Gusti.

⁶Saregep ulah ngan keur diawaskeun bae ngarah dialem, kudu jorojoy tina hate lir ngalampahkeun pangersa Allah jeung Kristus.

⁷Lampahkeun kawajiban reujeung hate senang lir ngalampahkeun kawajiban ti Gusti ongkoh, lain ti jelema bae.

⁸Inget, saha-saha ge ari hade gawe mah aya ganjaranana ti Gusti, boh gandek boh lain gandek.

⁹Aranjeun, para dunungan, kalakuan ka gandek-gandek kudu sarua, jeung ulah sok ngancam. Inget, boh gandek-gandek aranjeun boh aranjeun sorangan, masing-masing ngadunungan ka Anjeunna, Dunungan nu di sawarga anu henteu pilih kasih.

¹⁰Ahirna, dina ngahiji jeung Gusti teh upayakeun diri supaya kuat, tegesna supaya dikuatkeun ku kakawasaan Anjeunna.

¹¹Sing samakta ku pakarang-pakarang ti Allah, malar tagen ngayonan tipu daya Iblis.

¹² Sabab anu dilawan ku urang teh lain manusa, tapi kakuatan roh-roh jahat di dunya anu gaib, jeung kakuatan sagala setan-setan di angkasa raya, anu ngawasaan ieu jaman anu poek.

¹³ Ku sabab kitu ayeuna keneh pake pakarang perang ti Allah, supaya ana geus datang mangsa nu jahat aranjeun tagen nadah panarajang musuh, sarta supaya sanggeus tarung nepi ka ahirna aranjeun masih gagah.

¹⁴ Sing sayaga. Gunakeun kasatiaan ka Allah minangka sabuk nu mageuhan cangkeng, jeung kaiklasan hate minangka baju kerena,

¹⁵ sarta jeung kadaek kana ngamashurkeun Injil Kasalametan anu mere kabajaan jadi minangka sapatuna.

¹⁶ Tiap-tiap waktu gunakeun kapercayaan ka Pangeran minangka jadi tamengna. Ku nyangking eta kapercayaan, aranjeun bakal bisa mareumkeun panah-panah seuneu anu dilepas ku si Jahat.

¹⁷ Tarima kasalametan ti Allah, pake jadi balakutakna, sarta sabda Allah anu dipaparinkeun ku Roh Allah jadi pedangna.

¹⁸ Lampahkeun eta sakabehna dibarengan ku paneda nyambat pitulung Allah. Dina sagala perkara kudu neneda nurutkeun pituduh Roh Allah. Jadi kudu terus waspada, ulah eleh ku hoream. Ulah kendat mangnedakeun sakabeh umat Allah.

¹⁹ Sim kuring ge pangnedakeun, mugi-mugi ku Allah dipaparin bahan piucapeun anu layak dina waktuna kudu nyarita engke, jeung mugi sing ludeung nerangkeun rasiah Injil Kasalametan.

²⁰ Nya pikeun ieu Injil Kasalametan sim kuring jadi utusan Allah teh, ayeuna keur dipanjara. Pangnedakeun sangkan wani nyaritakeun hal Injil Kasalametan sakumaha mistina.

²¹ Hal kaayaan sim kuring ayeuna, aranjeun engke terang ti Tihikus, dulur urang anu satia kana gawe pikeun Gusti.

²² Engke anjeunna disina ka dieu nyaritakeun kaayaan sim kuring sabatur-batur, pikeun ngareugreugkeun hate aranjeun.

²³ Mugi-mugi Allah Rama jeung Gusti Yesus maparin kakertaan, jeung rasa kanyaah dina kapercayaan ka sakumna dulur-dulur Kristen.

²⁴ Mugia sih kurnia Allah nyarengan ka sakur anu nyaah ka Gusti urang Yesus Kristus ku kanyaah anu teu pareum-pareum. Wassalam, Paulus

Filipi

1 ¹Dumateng dulur-dulur sakumna umat Allah dina kasatunggalan jeung Yesus Kristus, para pamingpin jeung pangbantu jamaah di Pilipi. Sim kuring Paulus jeung Timoteus abdina Kristus Yesus, mangnedakeun aranjeun:

²Mugia aranjeun ginanjar rahmat rahayu ti Allah Rama jeung ti Gusti Yesus Kristus.

³Unggal inget ka aranjeun sim kuring sok muji sukur ka Allah.

⁴Kitu deui saban mangnedakeun aranjeun hate sok bungah,

⁵Iantaran aranjeun geus mantuan sim kuring ngamajukeun Injil Kasalametan ti Allah, ti barang mimiti nepi ka ayeuna.

⁶Ku hal eta sim kuring yakin ieu pagawean anu diawitan ku Allah teh bakal tumuluy jeung bisa anggeus dina poean Gusti sumping.

⁷Munasabah perasaan sim kuring ka aranjeun kitu, sabab hate kacida cumantelna. Tur aranjeun geus mareunang kahormatan ti Allah saperti anu katarima ku sim kuring ayeuna di jero panjara jeung keur waktu bebas keneh, nya eta ngabela jeung ngruatkeun eta Injil Kasalametan.

⁸Kacida tibelatna sim kuring ka aranjeun teh, lir tibelatna Kristus Yesus ku anjeun. Saestuna, Allah saksina!

⁹Didoakeun, aranjeun sing beuki gede kanyaah, sing tambah kaweruh anu sayakti, sing beuki bijaksana timbangan,

¹⁰supaya terang ka anu panghadena. Lamun kitu, engke dina poean Gusti sumping teh aranjeun mulus beresih taya cawadeunana,

¹¹hirup pinuh ku sipat-sipat anu mulus, anu jadina ngan ku karana berkahna Yesus Kristus bae. Geus tangtu matak jadi puji jeung hormat ka Allah.

¹²Perlu aranjeun terang, sakur anu karandapan ku sim kuring teh malah ngalantarankeun eta wawaran hal Injil Kasalametan leuwih maju.

¹³Para pangawal karaton jeung urang ditu salian ti eta jadi nyarahoeun, yen nu matak sim kuring dipanjara teh dumeh jadi abdina Kristus.

¹⁴Jeung ku hal sim kuring dipanjara teh karereaanana dulur-dulur jadi leuwih yakin percayana ka Gusti, jeung jadi leuwih warani nguarkeun eta amanat Allah, teu risi-risi.

¹⁵Memang aya anu ngawawarkeunana hal Kristus teh kajurung ku hate sirik jeung hayang cekcok. Tapi karereaanana mah kajurung ku kaihlasan

¹⁶jeung ku kanyaahna, dumeh tarerangeun yen sim kuring keur ngalakonan papancen ti Allah ngabela eta wawaran.

¹⁷Ari nu ngawawarkeun lain kajurung ku maksud murni mah demi kapentingan pribadina, jeung ngarah sim kuring anu keur dipanjara tambah susah hate.

¹⁸Keun bae! Malah matak bungah, da boh ku nu kajurung ku kaiklasan boh ku nu boga maksud sejen, Kristus mah tetep dimashurkeun. Tur kabungah sim kuring moal semet kitu bae,

¹⁹sabab yakin ku pangdoa aranjeun jeung ku pitulungna Roh Yesus Kristus sim kuring bakal bisa bebas.

²⁰Nu dicileuk jeung diharep teh hayang ulah gagal ngalakonan kawajiban. Unggal waktu, komo ayeuna, hayang wani ngamulyakeun Kristus sakuat jiwa raga, paeh paeh hirup hirup.

²¹Sabab naon saenyana ari hirup? Keur sim kuring mah hirup teh nya eta Kristus. Jadi lamun maot teh sim kuring mah ngarasa untung.

²²Tapi upama hirup sim kuring di dunya bisa migawe hal-hal anu leuwih penting, sim kuring teu bisa milih.

²³Dina hal ieu sim kuring asa dipagorenyangkeun ku dua kahayang. Aya hayang geura maot tuluy ngahiji jeung Gusti nu bakal leuwih nyenangkeun,

²⁴aya hayang keneh hirup lantaran ras ka aranjeun.

²⁵Tapi ceuk rarasaan mah yakin bakal hirup keneh jeung aranjeun, bisa keneh ngabantu ngamajukeun kapercayaan aranjeun sangkan aranjeun tambah ngarasa bagja.

²⁶Jadi lamun engke urang babarengan deui, kaagul aranjeun ku sim kuring anu ngalantarankeun aranjeun bisa hirup ngahiji jeung Kristus Yesus teh beuki pantes karasana.

²⁷Ayeuna mah sing cocog bae hirup aranjeun jeung pangajak wawaran hal Kristus tea. Rek bisa rek moal engke sim kuring nepungan, babakuna hayang ngadenge aranjeun pengkuh ngahiji jeung sauyunan ngadegkeun kapercayaan nurutkeun piwuruk eta wawaran.

²⁸Ulah rempan ku lawan, teuneung terus, malar bukti maranehna nu bakal eleh, aranjeun nu bakal meunang ku pitulung Allah.

²⁹Aranjeun dipaparin kahormatan ngawula ka Kristus teh lain semet kudu percaya, tapi oge kudu ngalakonan sangsara ku karana Anjeunna.

³⁰Hayu ayeuna mah urang sabilulungan jeung sim kuring, perang ngabela hal anu diperjuangkeun ku sim kuring ti bareto nepi ka ayeuna, sakumaha anu kadarenge ku aranjeun.

2¹ Aranjeun jadi kuat lantaran ngahiji jeung Kristus. Bisa senang hate lantaran dipikaasih ku Anjeunna. Aranjeun diaping ku Roh Allah, harade hate jeung silih karunyaan pada batur.

² Sing sahate deuih, sakanyaah, sajiwa, sapikiran, sangkan hate sim kuring leuwih senang.

³ Dina ngalampahkeun naon bae ulah ku karana kapentingan pribadi, ulah kajurung ku hayang kapuji. Sabalikna sing silih hormatan, batur kudu dianggap leuwih hade ti batan diri sorangan.

⁴ Hargaan kapentingan batur, ulah mentingkeun diri sorangan bae.

⁵ Kudu nyonto kana sikep Yesus Kristus:

⁶ Anjeunna teh kagungan sipat Allah. Najan kitu taya manah nyasamikeun anjeun jeung Allah.

⁷ Malah-malah ngantunkeun sagala kamulyaana-Na, nyasamikeun anjeun jeung jalma nu kumawula, kersa saharkat jeung jalma, jeung nganggo rupa manusa.

⁸ Ngarendahkeun anjeun, tunduk tumut ka Allah nepi ka pupus, pupus lantaran disalib.

⁹ Ku sabab kitu ku Allah dijungjung luhur, dipasihan gelaran anu unggul ti batur.

¹⁰ Sakumna mahluk di sawarga, di bumi, jeung di handapeun bumi, bakal ngajungjung jenengan Yesus, deku sujud ka Anjeunna.

¹¹ Kabeh bakal ngaku Yesus Kristus teh Gusti. Ku hal eta Allah Rama dimulyakeun.

¹² Ku sabab kitu dulur-dulur, sanggeus urang pajauh kieu, papatah sim kuring teh turut sing leuwih ti waktu urang keur reureujeungan keneh. Sing terus rarajin jeung sieun ku Allah supaya kasalametan aranjeun jadi sampurna.

¹³ Sabab Allah ku manten oge aya jeung barangdamel di aranjeun, supaya aranjeun daraek jeung saranggup ngalakonan tujuan pangersa-Na.

¹⁴ Lampahkeun sagala kawajiban ulah bari kukulutus atawa cekcok.

¹⁵ (2: 15-16) Tempongkeun yen aranjeun mulus laku beresih hate, sampurna taya kuciwa, sakumaha layakna anu jadi putra Allah di tengah jelema-jelema nu teu balener di ieu dunya nu pinuh ku dosa. Enggonging ngawartakeun wawaran perkara hirup ka nu sejen, kudu jadi saibarat bentang-bentang anu nyaangan langit. Lamun kitu, munasabah mun dina poean Kristus sumping sim kuring agul ku aranjeun teh, da bukti usaha jeung pagawean sim kuring henteu mubadir.

¹⁶ (2: 15)

¹⁷ Bisa jadi nyawa sim kuring kudu jadi kurban cara iman aranjeun anu dikurbankeun ka Allah. Lamun enya kudu nepi ka kitu, sim kuring atoh jeung milu bungah ka aranjeun.

¹⁸ Sabalikna aranjeun oge kudu atoh ku eta hal sim kuring jeung milu bungah ka sim kuring.

¹⁹ Lamun aya widi Gusti, sim kuring ngaharep bisa buru-buru ngutus Timoteus ka aranjeun, hayang meunang bejana supaya teteg.

²⁰ Ngan anjeunna saurang di ditu mah anu saperasaan jeung sim kuring, jeung kacida mikamelangna ka aranjeun.

²¹ Batur mah ngan ngaruruskeun kapentingan dirina bae, cul urusan pikeun Yesus Kristus.

²² Timoteus mah ku aranjeun ge geus kanyahoan alus. Jeung sim kuring mah mani kawas anak jeung bapa, totomplokan digawe babarengan nguarkeun wawaran tea.

²³ Lamun perkara sim kuring geus puguh katangtuanana, anjeunna rek terus diutus.

²⁴ Sim kuring pribadi mun geus aya widi Gusti rek buru-buru nepungan ka aranjeun.

²⁵ Ari Epaproditus anu ku aranjeun dijurung ngabantu sim kuring, asa perlu disina mulang. Anjeunna geus milu sabilulungan jeung sim kuring.

²⁶ Ayeuna geus sonoeun, jeung melangeun sieun aranjeun susah dumeh meunang beja anjeunna teu damang.

²⁷ Memang, repot teu damangna, meh bae. Tapi sukur Allah mikawelas, tur lain ka

anjeunna bae, ka sim kuring oge deuih nepi ka sim kuring teu tambah kasusah.

²⁸Eta sababna sim kuring beuki perlu ngajurung anjeunna mulang nepungan aranjeun sangkan aranjeun bungah, kasusah sim kuring ge leungit.

²⁹Bageakeun, tarima sing bungah eta dulur sakapercayaan teh. Jelema kawas anjeunna wajib dihormat sakumaha layakna.

³⁰Ngabantuna ngalakonan kawajiban ti Kristus ngawakilan aranjeun teh mani tega kana pati, nepi ka mehmehan tiwas.

3¹Cindekna dulur-dulur teh kudu suka ngahiji jeung Gusti. Sim kuring teu hoream malikan tulisan anu ti heula supaya aranjeun tambah jamuga.

²Sing ati-ati ka anjing-anjing, nya eta jelema-jelema jahat. Kitu deui ka anu sok maksa supaya jalma disunat.

³Padahal anu saenyana geus disunat mah lain maranehna, tapi urang. Urang mah geus narima sunat sajati. Urang nyembah ka Allah teh ku sabab ditungtun ku Roh Allah ku mantan. Urang ngarasa sukur lantaran hirup ngahiji jeung Kristus Yesus. Urang mah teu gumantung kana upacara-upacara lahiriah.

⁴Saenyana lamun sim kuring rek ngawajibkeun milampah kitu, munasabah. Mun batur ngarasa gumantung kana upacara-upacara lahiriah, sim kuring mah komo,

⁵lantaran dina umur dalapan poe geus disunatan, jadi urang Israil ti barang lahir, asal ti kaom Binyamin bangsa Ibrani tulen. Dina hal kasaregepan kana Hukum Agama sim kuring teh jadi anggota golongan Parisi,

⁶ceuceub ka nu aranut ka Kristus nepi ka nganiayana. Dina nekanan parentah-parentah Hukum Agama, sim kuring taya kakurangananana.

⁷Tapi sanggeus terang ka Kristus, hal-hal anu tadina disangka nguntungkeun teh karasa ngarugikeunana.

⁸Lain eta bae, da nu karitu teh saenyana mah kabeh ge taya hargana. Ayeuna sim kuring geus meunang nu leuwih ti kitu, nya eta terang ka Kristus Yesus, Gusti sim kuring. Sanggeus terang ka Anjeunna, nu karitu teh dipiceun kabeh, dijieun runtah, supaya sim kuring bisa narima

⁹jeung bisa enya-enya ngahiji jeung Anjeunna. Ibadah sim kuring ka Allah ayeuna mah lain ku karana tarekah sorangan ku jalan taat kana Hukum Agama Yahudi, tapi ku lantaran percaya ka Kristus. Bener teh lantaran diangken bener ku Allah ku lantaran percaya ka Yesus Kristus.

¹⁰Anu dicita-cita ngan hayang enya-enya wanoh ka Kristus, hayang milu ngarasa hikmatna kakawasaan anu ngahirupkeun deui Kristus tina pupus-Na, hayang milu ancrub

kana kasangsaraan Anjeunna, hayang milu maot jeung Anjeunna,

¹¹ kalayan harepan, yen sim kuring oge bakal dihudangkeun deui ti nu maraot.

¹² Sim kuring henteu ngakukeun geus hasil atawa geus sampurna. Masih keneh sateka-teka hayang meunangkeun ganjaran anu disayagikeun ku Kristus Yesus, luyu jeung maksad Anjeunna ngarebut jeung ngajadikeun sim kuring jadi kagungana-Na.

¹³ Jadi pimanaeun sim kuring ngaku geus bisa ngarebut eta ganjaran. Sim kuring kudu usaha mopohokeun hal-hal anu geus kaliwat, ngudag nu aya di hareup.

¹⁴ Sim kuring kudu kenceng, supaya meunangkeun eta ganjaran, nya eta hirup di sawarga, luyu jeung maksad panyaur Allah anu ditepikeun ku Kristus Yesus.

¹⁵ Urang sarerea anu geus asak rohaniah, kudu kitu tekad teh. Sabalikna lamun ti aranjeun aya nu beda pamanggih, ku Allah bakal dibere terang kumaha saenyana.

¹⁶ Tapi ku kitu ku kieu oge urang kudu terus junun kana pituduh-pituduh anu keur dilakonan nepi ka ayeuna.

¹⁷ Tiru sim kuring, dulur-dulur. Tegeskeun batur anu nyonto hirup bener ti sim kuring.

¹⁸ Loba jelema anu cara hirupna ngamusuh kana pangorbanan Kristus anu disalib. Hal ieu geus sering ku sim kuring dipepelingeun,

ayeuna ge dipepelingeun deui bari ragragan cipanon.

¹⁹Sabab anu karitu teh geus tangtu carilaka, da miallahna kana kabeuki badani. Ngalampahkeun nu aeb teh maranehna mah malah agul, jeung ngan malikiran kadunyaaan bae.

²⁰Urang mah warga sawarga, ngadago-dago pisan kana pisumpingeuna-Na anu nyalametkeun urang, Gusti Yesus Kristus.

²¹Badan jasmani urang anu lemah piancureun ku Anjeunna bakal disalin, didamel saperti kaayaan salira-Na ku anjeun anu mulya. Anjeunna iasa midamel kitu sabab kagungan kakawasaan anu bisa nalukkeun saniskara.

4 ¹Ku sabab kitu dulur-dulur, sing parengkuh ka Gusti. Sim kuring ka aranjeun teh nyaah jeung nineung. Asa bagja jeung agul ku aranjeun teh.

²Nyi Eodia jeung Nyi Sintika, bapa meredih, sing alakur dina sakapercayaan ka Gusti, sing silih pidulur.

³Kitu deui ka anjeun, kanca sim kuring anu satia, sim kuring menta supaya anjeun ngabantu ka ieu dua wanita, anu geus banting tulang jeung sim kuring ngamashurkeun Injil Kasalametan, cara Klemen jeung batur-batur sim kuring anu lianna, anu ngaran-ngaranna aya di Allah, dina Kitab Kahirupan.

⁴ Salilana sing saruka hirup ngahiji jeung Gusti. Sakali deui: Sing saruka!

⁵ Kudu someah ka unggal jelema. Gusti urang tereh sumping.

⁶ Tong salempang naon-naon. Naon bae pangabutuh,unjukkeun ka Allah saban neneda, suhunkeun bari hate tumarima.

⁷ Katengtreman jeung karahayuan ti Allah, nu moal kahontal ku akal baris nengtremkeun hate jeung pikiran aranjeun nu geus ngahiji jeung Kristus Yesus.

⁸ Cindekna dulur-dulur, kudu malikiran teh nu hade, nu peryoga, nu bener, nu adil, nu mulus, nu manis, sarta nu kaajen.

⁹ Lakonan pituduh-pituduh ti sim kuring anu geus diajarkeun jeung geus katarima ku aranjeun, boh tina omongan sim kuring, boh tina tingkah laku sim kuring. Lamun kitu, geus tangtu aranjeun bakal disareangan ku Allah anu iasa nengtremkeun hate.

¹⁰ Sajeroning hirup ngahiji jeung Gusti, sim kuring kacida bagjana, lantaran meunang deui perhatian ti aranjeun sanggeus kaheuleutan sakitu lilana. Di jero sakitu lilana ingetna mah tangtu inget ka sim kuring teh, ngan can bisa nembongkeunana, lain geus mopohokeun.

¹¹ Tapi nyebutkeun kieu oge lain ku sabab sim kuring ngarasa dilalaworakeun nepi ka hirup teu cukup. Geus biasa sim kuring mah hirup ku saaya-aya, geus diajar.

¹² Hirup teu cukup bisa, hirup leuwih ti cukup bisa, geus terang rasiahna. Iraha bae, di mana bae, keur makmur, keur kekerehet, keur sagala aya, keur sagala kurang, teu weleh ditarimakeun.

¹³ Kaayaan nu kumaha bae kuat nandanganana, lantaran dikuatkeun ku kakawasaan Kristus.

¹⁴ Aranjeun sakitu hadena ka sim kuring, nalang dina sagala kasusah.

¹⁵ Aranjeun, urang Pilipi, terang pisan kana kaayaan sim kuring bareto basa ninggalkeun Makedoni, waktu Injil Kasalametan mimiti pisan diuarkeun. Hiji-hijina jamaah anu nulung ka sim kuring teh jamaah aranjeun. Ngan aranjeun anu daek sabagja sacilaka jeung sim kuring.

¹⁶ Leuwih ti sakali aranjeun kikiriman ka sim kuring di Tesalonika.

¹⁷ Nu diharep ku sim kuring lain pamerena-pamerena teuing, babakuna pisan mah hayang ningal aranjeun tambah-tambah kauntungan.

¹⁸ Sagala pamere aranjeun leuwih ti cukup! Kikiriman anu dibahankeun ka Epaproditus mani sakitu lobana. Ayeuna sim kuring bisa nyumponan sakur nu diperlukeun ku sim kuring. Katarimana ku sim kuring lir kurban anu seungit anu disembahkeun ka Allah, hiji kurban anu sedep jeung kamanah ku Mantenna.

¹⁹ Sabalikna sagala pangabutuh aranjeun tangtu bakal dicukupan ku Allah sim kuring nu langkung sugih, ku karana Kristus Yesus.

²⁰ Sagala puji ka Allah Rama urang salalanggengna! Amin.

²¹ Salam sim kuring ka sakumna umat Allah anu satunggal jeung Kristus Yesus. Salam ti dulur-dulur di ditu anu reureujeungan jeung sim kuring.

²² Salam ti sakumna umat Allah di ditu, babakuna ti kalangan karaton Prabu.

²³ Mugi-mugi sih kurnia Gusti Yesus Kristus nyarengan ka aranjeun. Wassalam, Paulus, Timoteus

Kolose

1 ¹(1:1-2) Dumateng dulur-dulur di Kolosa,
umat Allah anu saratia ka Kristus. Sim
kuring Paulus anu ku Allah dikersakeun
jadi rasulna Yesus Kristus, jeung Timoteus,
ngadoakeun mugia dulur-dulur dipaparin
rahmat rahayu ku Allah, Rama urang.

²(1:1)

³Keur waktu mangnedakeun aranjeun, sim
kuring muji sukur dina paneda ka Allah,
Rama-Na Gusti urang Yesus Kristus,

⁴reh nguping warta aranjeun percaya ka
Kristus jeung mikanyaah ka sakabeh umat
Allah.

⁵Dulur-dulur bisa percaya jeung nyaah kitu
teh kajurung ku pangarep-arep kana hal anu
ku Allah disadiakeun di sawarga, sakumaha
anu ditetelakeun ku amanat anu ngandung
kayaktian, nya eta Injil Kasalametan anu
katarima ku aranjeun tea.

⁶Warta ti Allah teh geus sumebar mawa
berkah rahmat Allah ka sakuliah dunya,
sakumaha anu katampa ku aranjeun basa
mimiti ngadenge hal eta bari tuluy dinelyepan
nepi ka terang.

⁷Aranjeun terang teh ti Epapras, kanyaah
sim kuring sasama ngawula, anu satia

ngalakonan gawe ti Kristus nyuluran sim kuring.

⁸Nya ti anjeunna sim kuring terang yen aranjeun teh ku Allah dipaparinan kanyaah saperti kitu.

⁹Ti barang nguping hal kaayaan aranjeun kitu, sim kuring teu kendat neneda nyuhunkeun ka Allah supaya Roh-Na nyaangan hate aranjeun sangkan ngarti enya-enya kana pangersa-Na,

¹⁰sarta salawasna sanggup ngalampahkeunana, sapuk jeung manah-Na. Lamun kitu dulur-dulur teh salawasna bakal tunduk kana sakersa Allah, bisa ngajalankeun sagala kahadean jeung beuki terang ka Allah.

¹¹(1:11-12) Mugi tekad dulur-dulur dikuatkeun ku kaagungan kawasa Allah, sanggup jeung sabar tawekal nandangan sagala cocoba, dibarengan ku kabungah jeung pamuji sukur ka Rama, anu mikersa supaya aranjeun layak meunang bagian ti nu geus disadiakeun pikeun umat-Na di karajaan caang.

¹²(1:11)

¹³Urang ku Mantenna geus dijait tina genggeman kawasa poek, salamet dicandak ka karajaan Putra-Na kaasih,

¹⁴anu geus ngabebaskeun urang, tegesna ngahampura dosa-dosa urang.

¹⁵Kristus teh wujudna Allah nu teu katingal. Anjeunna unggul ti sakabeh mahluk, jadi Putra cikal.

¹⁶Sabab nya ku Anjeunna Allah ngajadikeun saniskara nu aya di langit jeung di bumi, nu katingal jeung nu teu katingal, kaasup roh-roh kawasa, pupunjungan-pupunjungan, pangawasa-pangawasa jeung sakur anu nyakrawati di dalam gaib. Sakumna alam ciciptan Allah diwujudkeunana teh ku Kristus jeung keur Kristus.

¹⁷Samemeh nu sejen aya, Kristus mah geus aya, sarta nya ku karana Kristus sakumna nu aya teh marentah di tempatna masing-masing.

¹⁸Ari jeung gareja, Kristus teh lir sirah jeung awak. Anjeunna teh sirah gareja, sumber hirupna gareja, ari gareja nya eta raga salira Anjeunna. Kristus teh Putra cikal, anu geus digugahkeun deui tina kakawasaan maot, pikeun jadi Nu pangpunjulna ti antara sakabeh.

¹⁹Nya Allah ku manten anu nangtoskeun supaya sakumna sipat Allah tumerap ka Anjeunna, Putra-Na.

²⁰Seug eta Putra-Na teh dianggo jalan supaya sakur nu aya di satungkebing langit jeung di satangkaraking jagat mulang deui kana cepengan Mantenna. Nya ku Putra-Na anu nepi ka pupus lantaran disalib, sakumna

nu aya di bumi jeung di sawarga bisa diangken hade deui ku Allah.

²¹ Dulur-dulur teh asalna mah jauh ti Allah, musuh Mantenna lantaran jahat kalakuan jeung pipikiran.

²² Tapi ku ajal Putra-Na, ayeuna dulur-dulur ku Allah teh diangken, rek dicandak ka payuneuna-Na dina kaayaan geus suci murni taya kuciwa.

²³ Ku sabab kitu aranjeun tangtu kudu satia, kudu pangger, ulah leupas tina pangarep-arep anu ditetelakeun ku warta ti Allah tea. Eta warta teh geus diembarkeun ka saban jelema saalam dunya. Nya ku karana hal eta nu matak sim kuring ge, Paulus, jadi hiji kawula purah ngawawarkeunana.

²⁴ Sim kuring sangsara keur kasalametan aranjeun teh bungah, sabab ku nyorang sangsara lahir teh sim kuring sarua jeung nganggeuskeun kasangsaraan Kristus anu ngupayakeun kasalametan gareja-Na, atawa raga salira-Na tea.

²⁵ Allah miwarang sim kuring ngawulaan gareja ngalakonan parentah-Na keur kasalametan aranjeun. Jadi sim kuring teh wajib ngawawarkeun amanat Mantenna saweuteuhna.

²⁶ Eta amanat Allah anu geus mangabad-abad dirasiahkeun ka sakumna manusa teh ayeuna geus ditembrakkeun ka umat-Na.

²⁷ Mantenna seja mintonkeun eta rasiah ka umat-Na, anu nya jembar nya agung pikeun sakumna jelema, nya eta: Kristus aya di jero hate aranjeun, tegesna aranjeun bakal aya di jero kamulyaan Allah.

²⁸ Ku sabab kitu Kristus teh ku sim kuring kudu dimashurkeun ka unggal jelema. Sim kuring kudu ngawurukan, ngajar sabisa-bisa bari ngetrukkeun kanyaho, supaya unggal jelema bisa dideuheuskeun ka payuneun Allah dina kayaan sampurna rohanina lantaran geus ngahiji jeung Kristus.

²⁹ Supaya ieu tujuan kahontal, sim kuring digawe banting tulang ngagunakeun tanaga anu ditunjang ku kakawasaan Kristus anu barangdamel di jero hate.

2¹ Terus-terang, sim kuring kacida banting tulangna pikeun kasalametan aranjeun teh, kitu deui pikeun urang Laodikea jeung salian ti eta anu tarerangeunana ka sim kuring kakara wawuh ngaran.

²Nu dipalar supaya maranehna karuat tekadna tur ngahiji silih pikanyaah, supaya bisa enya-enya ngartina nepi ka yakin kana hal eta. Sabab lamun kitu maranehna bakal leuwih terang deuih kana rasiah Allah tea, tegesna ka Kristus ku anjeun.

³Kristus teh konci anu mukakeun sisimpenan rajabrana hikmah jeung pangartos Allah anu tacan kanyahoan ku urang.

⁴Ku hal eta aranjeun ulah beunang kaolo ku batur, sanajan jelemana siga kacida hadena oge.

⁵Batin sim kuring teu weleh aya di aranjeun sanajan raga pajauh, anu matak kacida bungahna ningal aranjeun rempug-jukung jeung teguh satia ka Kristus teh.

⁶Ku lantaran aranjeun geus narima yen Kristus Yesus teh Gusti, aranjeun geus ngahiji jeung Kristus.

⁷Ku sabab eta kudu terus ngakar di Anjeunna, mekar di Anjeunna, mingkin percaya ka Anjeunna luyu jeung piwuruk nu geus katarima, sarta pinuh ku rasa tumarima.

⁸Sing ati-ati, ulah kapikat ku palsapah-palsapah manusa anu taya mangpaatna tur matak nyasabkeun, anu asalna tina papahaman manusa jeung ti roh-roh di jagat raya, lain ti Kristus.

⁹Sakumna sipat katuhanan aya di Kristus dina wujud kamanusaana-Na.

¹⁰Jadi anu ngahiji jeung Anjeunna bakal meunang hirup anu sampurna. Kristus teh kawasa ka tiap-tiap roh anu kawasa jeung anu marentah.

¹¹Ku ngahiji jeung Anjeunna, aranjeun teh geus disunat. Lain sunat anu dijieun ku manusa, tapi sunat padamelan Kristus anu ngabebaskeun aranjeun tina tabeat anu pinuh ku dosa.

¹² Waktu aranjeun dibaptis teh sategesna dikubur bareng jeung Kristus. Tapi ku eta baptisan keneh aranjeun dihirupkeun deui bareng jeung Kristus, lantaran percaya kana kakawasaan Allah anu geus ngahirupkeun deui Kristus tina pupus-Na.

¹³ Tadina saenyana aranjeun teh maot, maot rohani, ku karana dosa jeung ku karana jadi jelema anu teu disunat sacara lahir. Tapi ayeuna ku Allah geus dihirupkeun bareng jeung Kristus. Dosa-dosa urang ku Allah dihampura kabeh.

¹⁴ Daptar hutang dosa-dosa urang anu sarat rukun-rukunna kacida beuratna teh ku Mantenna dipareuman kabeh, daptar catetanana dipiceun, dipaku dina kayu salib.

¹⁵ Dina eta kayu salib Kristus geus ngarangsadan roh-roh anu karawasa jeung nyarekel parentah, nepi ka maranehna taya dayana deui, sarta ku Kristus ditawan, digiring jadi tongtonan umum dina arak-arakan kaunggulan Anjeunna.

¹⁶ Ku sabab kitu aranjeun ayeuna ulah kaatur deui ku hal naon bae anu meunang jeung teu meunang didahar atawa diinum, ku hal poe-poe kaagamaan atawa ku hal Pesta Bulan Anyar atawa ku poe Sabat.

¹⁷ Da nu karitu mah kabeh ge ngan kalangkang tina hal-hal di jaman engke, anu wujud sajatina mah Kristus.

¹⁸ Ulah beunang digeretak ku jelema anu ngaku-ngaku luhung dumeh meunang tetenjoan-tetenjoan gaib luar biasa, kitu deui ku jelema anu nyemu-nyemu handap asor jeung nyembah ka malaikat-malaikat. Jelema kitu, niatna ngan rek nyombongkeun maneh ku pikiranana anu duniawi.

¹⁹ geus lesot ti Kristus anu jadi lir sirahna awak, anu ngatur awak sakujur, anu ngatur dat-dat kadaharanana, anu nyimpay tulang sandina nepi ka awak tehmekarna luyu jeung anu dikersakeun ku Allah.

²⁰ Aranjeun geus maot bareng jeung Kristus, geus bebas ti roh-roh anu ngawasaan alam. Tapi naha geuning hirup kawas kaereh keneh ku dunya? Geuning masih gugon-tuhon keneh kana kapamalian, kayaning:

²¹ "Teu meunang nyabak anu! Teu meunang ngadahar anu! Teu meunang paantel jeung anu!"

²² Nu karitu mah kapakena ngan sakali, tulunya taya gunana. Kabehanana ge aturan jeung pangajaran-pangajaran jieunan manusa.

²³ Sigana bae alus soteh, ngajurung jelema muja ka malaikat-malaikat, siga enya ngajurung handap asor, jeung nitah nyiksa maneh, da pikeun ngadalian hawa napsu mah eta aturan teh taya kakuatanana naon-naon.

3¹ Aranjeun geus dihirupkeun bareng jeung Kristus. Upayakeun supaya bisa

meunangkeun anu aya di sawarga, tempat Kristus linggih di tengeneun Allah.

²Tujukeun pikiran kana perkara-perkara anu aya di ditu, ulah kana perkara-perkara nu aya di dunya,

³sabab aranjeun teh geus maot, hirup aranjeun ngancik buni jeung Kristus di Allah.

⁴Nu jadi hirup aranjeun nu sajatina teh nya eta Kristus. Samangsa engke Anjeunna ngebrehkeun salira, aranjeun oge tangtu araya jeung Anjeunna sarta dipaparin kamulyaan Anjeunna.

⁵Ku sabab kitu aranjeun kudu maehkeun kahayang-kahayang jasmani anu datang ngarobeda, kayaning lacur, nyieun kaaeban, ngumbar birahi, kahayang-kahayang jahat, jeung sarakah (sabab sarakah teh sarua jeung nyembah brahala).

⁶Allah tangtu bendu ka anu lampahna kitu, ka nu teu nurut ka Mantenna.

⁷Bareto, waktu keur dikawasaan keneh ku kahayang jasmani, hirup aranjeun teh nurutkeun kahayang-kahayang ka nu karitu.

⁸Piceun kabiasaan kitu teh ayeuna mah. Ulah ngumbar amarah, ulah unek-unekeun, ulah nurutkeun kangewa, ulah supu-sapa, ulah ngomong kotor,

⁹ulah silih bohongan. Da ayeuna mah geus kaluar tina hirup anu heubeul katut kabiasaan-kabiasaanana,

¹⁰geus aya dina hirup anu anyar. Ieu hirup anu anyar, ku Khalikna, nya eta ku Allah, terus-terusan dianyarkeun dina rupi Mantenna, supaya aranjeun terang enya-enya ka Mantenna.

¹¹Lamun geus kitu mah moal aya deui jelema anu dibeda-beda. Urang Yahudi, nu lain urang Barbar, nu lugina, nu kumawula, nu mardika moal dibeda-beda, sabab nya Kristus anu jadi sakabehna, anu aya di kabehanana.

¹²Aranjeun teh umat Allah, ku Mantenna dipikaasih jeung dipilih dijadikeun kagungana-Na. Jadi kudu boga tabeat karunya-an, hade hate, handap asor, darehdeh, jeung sabar.

¹³Kudu daek silih eledan, lamun pareng pasendatan jeung batur kudu daek silih hampura. Ngahampura teh wajib, sakumaha Gusti oge ngahampura ka aranjeun.

¹⁴Seug ieu sipat-sipat teh tambahan deuih ku kanyaah, sabab kanyaah teh tali anu meungkeut sagala rupa jadi hiji beungkeutan anu sampurna.

¹⁵Aranjeun ku Kristus geus dirukunkeun supaya rukun dina sagala perkara. Sabab nu matak aranjeun ku Allah disalaur dihijikeun teh supaya rukun. Tina hal eta aranjeun kudu muji sukur.

¹⁶Piwulang-piwulang Kristus anu sakitu jembarna ku rahmat teh serepkeun kana ati sanubari. Kudu silih ajar jeung silih

tuduhan kalawan bijaksana sabisa-bisa.

Nyanyikeun jabur-jabur, lagu-lagu pupujian jeung lagu-lagu rohani, sanggakeun ka Allah dibarengan ku rasa tumarima ka Mantenna sajeroning hate.

¹⁷ Lamun aranjeun keur nganuhunkeun ka Allah Rama, boh nu dilampahkeun boh nu diucapkeun, kudu kalawan asmana Gusti.

¹⁸ Para wanita anu rumah tangga sing ngesto ka salaki. Eta kawajiban umat Kristus.

¹⁹ Salaki-salaki sing nyaraah ka pamajikan, ulah kasar.

²⁰ Barudak umat Kristus, maraneh salawasna kudu nurut ka kolot. Budak nu nurut ka kolot bakal diasih ku Allah.

²¹ Kolot-kolot ulah nganyenyeri hate anak, bisi anak reuntas hatena.

²² Para badega dina sagala rupa kudu ngesto ka dunungan anu di dunya, saregep teh ulah ngan keur di hareupeunana pedah hayang kaalem. Ngawula teh kudu ku karana iklas jeung ku karana isin ku Gusti.

²³ Ngalampahkeun parentah dunungan kudu enya-enya, lir gawe keur Gusti lain keur jelema.

²⁴ Inget, Gusti kagungan ganjaran keur umat-Na, keur aranjeun. Sabab anu saenyania jadi dunungan aranjeun mah Kristus.

²⁵ Jeung deui anu salah mah saha bae ge bakal nanggung balukarna, sabab Allah mah

ngahukumna teh henteu ngabeda-bedakeun jelema.

4 ¹Aranjeun, para dunungan, ka gandek kudu adil jeung jujur. Kudu aringget, aranjeun oge kapan keur ngadunungan ka dunungan nu di sawarga.

²Kudu neneda sing cengeng, caringcing, jeung muji sukur ka Allah.

³Pangnedakeun sim kuring mugi ku Allah diparengkeun ngawawarkeun amanat Mantenna hal rasiah ngeunaan Kristus. Sim kuring ayeuna dipanjara teh ku karana perkara eta.

⁴Pangnedakeun supaya sim kuring perceka nerangkeun eta hal sakumaha mistina nepi ka tetela.

⁵Nyanghareupan jelema-jelema anu teu sakapercayaan, tiap kasempetan gunakeun sing bijaksana.

⁶Kecapna sing merenah, kalimatna sing ngeunah, sing matak mikat, tapi sing bisa mere jawaban anu layak ka nu nyual.

⁷Hal kaayaan sim kuring bakal dicaritakeun ka aranjeun ku saderek Tihikus, anu satia maturan sim kuring ngalakonan gawe ti Gusti.

⁸Anjeunna dihaja dijurung ka dieu sina nyaritakeun kaayaan sim kuring supaya aranjeun teteg.

⁹Ka dieuna bakal dibaturan ku Onesimus, dulur nu satia asal ti dieu ti aranjeun. Sagala

rupa kajadian di ditu engke ku aranjeunna dicaritakeun.

¹⁰ Salam ti Aristarkus anu bareng dipanjara jeung sim kuring. Salam ti Markus alona Barnabas (anu ceuk sim kuring bareto tarima lamun anjeunna ka dieu engke).

¹¹ Salam ti Yosua, anu sok disebut oge Yustus. Ti antara urang Yahudi anu geus sakapercayaan, ngan aranjeunna tiluan anu maturan sim kuring ngalakonan gawe ngemban parentah Allah. Kacida nulungna.

¹² Salam ti Epapras anu asalna ti kalangan aranjeun keneh, abdina Kristus Yesus anu tara kendat-kendat mangnedakeun aranjeun. Mantep pisan nenedana ka Allah, mangnyuhunkeun supaya Mantenna nguatkeun jeung nyampurnakeun kayakinan iman aranjeun supaya enya-enya gumusti kana pangersa-Na.

¹³ Katembong pisan banting tulangna pikeun aranjeun kitu deui pikeun urang Laodikea jeung Herapolis.

¹⁴ Salam deuih ti tabib Lukas jeung ti Demas.

¹⁵ Pangnepikeun salam sim kuring ka dulur-dulur sakapercayaan di Laodikea, kitu deui ka saderek Nimpa jeung dulur-dulur anu sok karumpulan di imahna.

¹⁶ Ieu surat lamun ku aranjeun geus dibaca, pangmacakeun ka jamaah di Laodikea. Sabalikna, baca engke surat anu engke bakal dikirimkeun ku dulur-dulur di Laodikea.

¹⁷ Pangnepikeun amanat sim kuring ka Arsipus: "Laksanakeun padamelan ti Gusti nepi ka rengse."

¹⁸ Salam sono sim kuring, Paulus. (Ieu ditulisna ku leungeun sorangan.) Ulah paroho, sim kuring teh dipanjara keneh! Mugi Gusti maparinkeun sih kurnia-Na. Wassalam, Paulus

1 Tesalonika

1 ¹Kahatur dumateng dulur-dulur di Jamaah Tesalonika, umat kagungan Allah Rama jeung Gusti Yesus Kristus. Ieu surat ti Paulus, Silas, jeung Timoteus. Mugia aranjeun marendak rahmat rahayu ti Allah.

²Sim kuring teu kendat muji sukur ka Allah ku hal aranjeun. Unggal neneda aranjeun sok disebut.

³Saban-saban neneda ka Allah Rama urang, sim kuring teh inget ka aranjeun, anu sakitu percayana ka Kristus, nyata dina hirup aranjeun. Aranjeun sakitu mikahemanna ka nu sejen, nepi ka daek nyorang hese cape, jeung teguh mantengkeun harepan ka Gusti urang Yesus Kristus.

⁴Sim kuring terang dulur-dulur, aranjeun teh ku Allah dipikaasih, dipilih jadi kagungana-Na ku manten.

⁵Sabab sim kuring mawa Injil Kasalametan ka aranjeun teh lain ku caritaan bae, tapi kasartaan ku daya jeung Roh Suci, bari yakin sayakin-yakinna yen eta Injil Kasalametan teh bener. Aranjeun terang kumaha soson-sosonna sim kuring basa di aranjeun, keur paedah aranjeun.

⁶Aranjeun ayeuna geus nulad ka sim kuring jeung ka Gusti urang. Sakitu disusahkeunana

oge aranjeun teh daek tur kacida sukana narima warta perkara eta. Eta kasukaan aranjeun teh paparin ti Roh Suci.

⁷ Ku hal eta aranjeun teh geus dipiconto ku sakabeh dulur sakapercayaan di Makedoni jeung Ahaya.

⁸ Sabab anu sumebar di sakuliah Makedoni jeung Ahaya teh lain ngan wawaran hal eta bae, iman aranjeun ka Allah oge milu kagurnita ka mana-mana, nepi ka sim kuring geus teu bisa nyaritakeunana.

⁹ Jalma-jalma kabeh ngagunemkeun perkara aranjeun sakitu ngakuna waktu didatangan ku sim kuring, kitu deui perkara aranjeun geus miceun brahala sesembahan tuluy nyanghareup ka Allah, ngabakti ka Allah sajati, Allah anu hirup,

¹⁰ sarta ngarep-ngarep sumping putra-Na ti sawarga, nya eta Yesus, anu ku Mantenna geus digugahkeun ti nu paraeh, anu nyalametkeun urang tina hukuman Allah engke.

2¹ Sim kuring datang ka aranjeun teh henteu gaplah, ku aranjeun ge tangtu karasa.

² Aranjeun terang, samemeh ka dieu ka Tesalonika, di Pilipi sim kuring teh kacida dihinakeunana, goreng pisan ditarimana. Tapi waktu eta Injil Kasalametan ti Allah teh ku sim kuring dibawa ka aranjeun, sanajan

Ioba anu ngalawan ge sim kuring ku Allah
dikersakeun wani.

³Pangajak sim kuring ka aranjeun teh taya
maksud anu goreng lain rek ngabobodo atawa
nipyu merdaya.

⁴Anu dicaritakeun teh salawasna ngan
anu dipikapalay ku Allah. Kajeun teu matak
senang ka pada jalma, asal matak senang ka
Allah, anu nguji eusi hate sim kuring, lantaran
ku Mantenna dipercanten ngemban eta Injil
Kasalametan.

⁵Ku aranjeun geus kanyahoan, iraha sim
kuring osok ngomong lumah-lameh atawa
sindir-sampir sangkan teu kaciri sarakah.
Allah saksina!

⁶Sim kuring teu malar pamuji, boh ti
aranjeun boh ti nu sejen.

⁷Saenyana sim kuring teh da rasul
Kristus, wenang najan barang penta oge.
Sapanjang keur di aranjeun, sim kuring sakitu
darehdehna ka aranjeun, mani kawas indung
rumawat ka anak.

⁸Ku nyaah-nyaahna ka aranjeun,
sumawonna eta Injil Kasalametan, nyawa oge
moal dikoretkeun. Nepi ka kitu kanyaah ka
aranjeun teh!

⁹Aranjeun tangtu aringet kumaha sim
kuring tohtohanana, waktu sim kuring
ngawawarkeun Injil Kasalametan ka aranjeun
digawe beurang peuting nyiar kipayah,

sangkan ulah nepi ka matak ngariweuhkeun aranjeun.

¹⁰ Aranjeun anu percaya geus nyaraksian, Allah oge nyaksian, tingkah laku sim kuring ka aranjeun teh beresih, jujur, taya cela kitu kieu.

¹¹ Ku aranjeun meureun karasa, pamolah sim kuring ka aranjeun teh lir bapa ka anak.

¹² Negeran, ngalilipur, jeung ngadorong supaya hirup aranjeun sapagodos jeung pangersa Allah, anu geus nyaur aranjeun kana Karajaan jeung kamulyaana-Na.

¹³ Jeung kieu nu matak sim kuring muji sukur ka Allah teh: Eta amanat ti Allah anu ditepikeun ku sim kuring teh ku aranjeun ditarima jeung dipercaya, yen lain beja ti manusa, tapi amanat ti Allah. Eta nandakeun yen Allah geus ngagerakkeun hate aranjeun sangkan percaya ka Kristus.

¹⁴ Anu kaalaman ku aranjeun teh, dulur-dulur, sarua jeung anu kaalaman ku jamaah Allah di Yudea, ku jelema-jelema anu geus jadi milikna Kristus Yesus. Aranjeun di dieu dikaniaya ku bangsa sorangan. Dulur-dulur di Yudea oge dikaniaya ku bangsana sorangan, bangsa Yahudi,

¹⁵ anu geus maehan Gusti Yesus jeung nabi-nabi-Na, jeung nganiaya rasul-rasul-Na. Urang Yahudi geus nyieun anu matak cua ka Allah, jeung kacida ngamusuhanana ka saban jalma.

¹⁶ Malah anu ngawawarkeun eta Injil Kasalametan ka bangsa sejen supaya bangsa sejen oge salamet, kacida dihalang-halangna. Dosa urang Yahudi anu sakitu gedena beuki gede bae. Ahirna, ayeuna maranehna keuna ku murka Allah.

¹⁷ Dulur-dulur, urang papisah teh saheulaanan. Jeung paturay soteh raga, batin mah tetep ngahiji. Tapi ti barang urang papisah, sim kuring kacida nineungna nepi ka sakedah polah ihtiari sangkan bisa papanggih deui.

¹⁸ Ku hayang-hayangna, sim kuring nepi ka leuwih ti sakali ihtiari supaya bisa ka dieu deui, tapi ngan dihalang-halang bae ku Iblis.

¹⁹ Nya aranjeun anu bisa ngabungahkeun hate jeung ngagedekeun harepan sim kuring, jeung anu bisa diagulkeun ku sim kuring ka payuneun Yesus Gusti urang, engke ari Anjeunna geus sumping.

²⁰ Enyaan sim kuring kacida bungahna jeung agulna ku aranjeun teh!

3 ¹ Tungtungna mah kasono teh teu kaampeuh. Tuluy badami. Putusna, keun sim kuring mah di Atena sorangan,

² ari Timoteus, batur ngemban pancen ti Allah ngamashurkeun Injil Kasalametan hal Kristus, rek diutus ka aranjeun, pikeun ngareugreugkeun hate aranjeun sangkan mantep percaya ka Kristus,

³ulah nepi ka ingkar lantaran teu kuat dikaniaya. Aranjeun terang, eta panganiayaan teh jadi bagian tina pangersa Allah ka urang.

⁴Yen urang bakal dikaniaya teh ti samemehna keneh ku sim kuring geus diomongkeun ka aranjeun bareto waktu sim kuring keur di dieu keneh. Ayeuna enya kajadian.

⁵Eta sababna nu matak sim kuring maksakeun ngutus Timoteus. Ku sabab sim kuring geus teu tahan hayang terang kaayaan kapercayaan aranjeun, Timoteus tuluy diutus, bari ngarep-ngarep mugia aranjeun ulah nepi ka eleh ku Iblis, ulah nepi ka beubeunangan sim kuring digawe teh gaplah.

⁶Ayeuna Timoteus geus datang deui, mawa beja anu ngagenahkeun hate hal kapercayaan jeung kanyaah aranjeun. Jeung ceuk anjeunna aranjeun teu kendat mikatineung ka sim kuring, harayang papanggih deui sakumaha halna sim kuring ka aranjeun.

⁷Sanajan keur balangsak oge ngadenge kaayaan aranjeun kitu mah mani reugreug, dulur-dulur! Eta kapengkuhan kapercayaan aranjeun teh kacida nyegerkeunana kana hate sim kuring.

⁸Enyaan asa hirup ngadenge aranjeun pengkuh ka Gusti teh.

⁹Sim kuring kacida nganuhunkeunana ka Allah urang ku hal aranjeun, muji sukur ka

Mantenna anu geus maparin kabungah ku hal aranjeun.

¹⁰Sim kuring neneda beurang peuting, mugi-mugi Mantenna marengkeun sim kuring bisa papanggih deui jeung aranjeun, malar bisa ngagedekeun sumanget kapercayaan aranjeun.

¹¹Mugi-mugi Allah Rama urang jeung Yesus Gusti urang maparin jalan nepi ka urang bisa papanggih deui.

¹²Jeung disuhunkeun ka Mantenna, mugi aranjeun sing leuwih silih pikanyaah pada batur, jeung nyaah ka unggal jalma, saperti gedena kanyaah sim kuring ka aranjeun.

¹³Lamun kitu, aranjeun bakal meunang kakuatan ti Mantenna, datang ka jadi sampurna jeung suci di payuneun Allah Rama urang engke, ari Yesus Gusti urang geus sumping diiring ku sakabeh umat kagungana-Na.

4 ¹Saterusna dulur-dulur, aranjeun geus diajar kumaha kuduna hirup anu sapuk jeung pangersa Allah, sarta ku aranjeun geus dilakonan. Parandene kitu kalayan asmana Gusti sim kuring menta supaya sing leuwih gumati ngalakonanana.

²Pituduh-pituduhna aranjeun geus terang, geus dibere ku sim kuring ku kakawasaanana Gusti Yesus.

³Aranjeun ku Allah diperih kudu hirup suci. Kade, lamun sapatemon ulah ingkar tina susila.

⁴Salaki, ari ngagaulan pamajikan kudu suci pikiran make tatakrama anu pantes,

⁵ulah make polah anu cabul cara jelema anu can nyaho ka Allah.

⁶Tumali jeung hirup suci tea, kade ulah aya anu salah pameta ka sasama sakapercayaan atawa ngarah kauntunganana. Ngeunaan ieu hal aranjeun geus diomongan, jeung geus diomat-omatan pisan yen sakur anu milampah kitu teh bakal nandang panyiksa ti Gusti.

⁷Urang disaur ku Allah teh lain malar hirup cabul, tapi supaya hirup urang kamanah Mantenna.

⁸Jadi sing saha anu nolak ieu papatah, lain nolak ka manusa, tapi nolak ka Allah anu geus maparinkeun Roh-Na anu suci ka aranjeun.

⁹Ari hal silih pikanyaah jeung batur sakapercayaan mah ku sim kuring teu perlu diwincik deui, da geus tarerang sorangan tina piwulang Allah kumaha kuduna,

¹⁰malah ku aranjeun geus dilarapkeun ka dulur-dulur di Makedoni. Ngan pamenta sim kuring sing leuwih ti kitu.

¹¹Usahakeun hirup ayem, jeung ulah campur kana urusan batur, kudu digarawe neangan napkah sorangan sakumaha ceuk sim kuring bareto,

¹² supaya hirup henteu gumantung kana pitulung batur, jeung supaya diajenan ku anu henteu palercaya ka Kristus.

¹³ Dulur-dulur, sim kuring hayang nerangkeun kumaha saenyana kaayaan jalma ari geus paeh. Aranjeun teu kudu sedih ku hal eta, saperti jelema-jelema sejen anu teu boga pangharepan.

¹⁴ Urang percaya yen Yesus geus gugah tina pupus-Na. Ku sabab eta kudu percaya yen sakur anu maotna percaya ka Yesus, tangtu ku Allah bakal dihirupkeun deui sangkan babarengan deui jeung Anjeunna.

¹⁵ Sim kuring ngabejaan, kieu piwulang Gusti tina hal eta: Sakur anu hirup keneh dina wanci Gusti sumping, moal diheulakeun ti nu geus maraot ti heula.

¹⁶ Engke bakal aya sora tarik aba-aba ti malaikat utama, jeung sora tarompet Allah, geus kitu Gusti ku anjeun bakal lumungsur ti sawarga. Anu bakal dihirupkeun ti heula teh anu maraotna percaya ka Kristus.

¹⁷ Ari anu harita harirup keneh bakal dikumpulkeun jeung eta, dibawa bareng kana mega ngadeuheus ka Gusti di awang-awang, saterusna hirup reureujeungan jeung Gusti.

¹⁸ Tah ieu pangajaran teh gunakeun pikeun silih hatean jeung batur.

5 ¹ Sim kuring moal nyaritakeun iraha eta kajadian teh piwaktueunana.

²Aranjeun sorangan geus terang yen Poe sumpingna Gusti teh taya nu nyaho, cara paling ti peuting.

³Waktu ceuk jalma-jalma, "Kaayaan tenang, aman," kacilakaan ujug-ujug datang narajang ka maranehna! Datangna bakal ngadadak kawas kusialna kanyeri awewe nu rek ngajuru.

⁴Tapi aranjeun mah moal kabongohan ku eta Poe kawas kabongohan ku bangsat, da lain aya di nu poek.

⁵Aranjeun mah bawahan caang, bawahan beurang, lain cangkingan peuting atawa erehan poek.

⁶Jadi ulah kaheesan kawas nu sejen, kudu tetep eling jeung caringcing.

⁷Peuting mah jalma-jalma sarare, sarta nya ti peuting jalma-jalma marabok.

⁸Tapi urang mah kabawah ku beurang, kudu mencrang pikiran. Pake baju kere, nya eta percaya ka Kristus, jeung silih pikanyaah; pake balakutak, nya eta pengkuh pangharepan yen bakal disalametkeun.

⁹Allah milih urang teh lain pikeun nadahan bendu-Na, tapi supaya ngamilik kasalametan ku jalan Gusti urang Yesus Kristus,

¹⁰anu pupus nalangan urang supaya urang bisa hirup reureujeungan jeung Anjeunna, boh lamun dina wanci Anjeunna sumping teh urang geus paeh, boh lamun hirup keneh.

¹¹ Heug sing terus cara ayeuna, silih tegeran, silih tulungan jeung batur.

¹² Pamerih sim kuring, muga aranjeun sing ngahargaan ka anu keur digarawe nungtun jeung ngatik aranjeun dina sual hirupna anu anut ka Gusti.

¹³ Sing enya-enya ngahormat jeung mikanyaah ka aranjeunna, ngingetkeun kana pagaweanana. Sing rukun jeung pada batur.

¹⁴ Kade, mun aya nu kedul papatahan, nu borangan hatean, nu lembek belaan, sing silih sabaran.

¹⁵ Jaga, ulah aya anu ngabales goreng ku goreng, anggur usahakeun sina raresep silih hadean jeung batur jeung ka unggal jelema.

¹⁶ Sing gumbira salawasna,

¹⁷ kudu neneda saban waktu,

¹⁸ tarimakeun reujeung sukur sagala anu tumiba. Kitu aranjeun teh diperihna ku Allah, ari aranut ka Kristus Yesus mah.

¹⁹ Ulah nahan Roh Suci;

²⁰ ulah nganggap enteng kana amanat-amanat anu diilhamkeun.

²¹ Uji sagala perkara: Mun hade cekel sing pageuh,

²² piceun naon bae anu jahat.

²³ Mugia Allah anu maparin katengtreman ka urang sing nyucikeun tingkah laku aranjeun, sangkan suci sakujur diri, jiwa, nyawa, jeung raga, sing ulah aya celana dina waktu sumping Gusti urang Yesus Kristus.

²⁴ Mantenna anu geus nyaur aranjeun tangtu kersa nulungan midamel kitu, sabab Mantenna sipat satia.

²⁵ Doakeun sim kuring jeung batur, dulur-dulur!

²⁶ Salam sono ka dulur-dulur sakapercayaan.

²⁷ Ieu surat, demi Gusti, pangmacakeun ka sakabeh dulur sakapercayaan.

²⁸ Mugia dulur-dulur ginanjar rahmatna Gusti urang Yesus Kristus. Wassalam, Paulus

2 Tesalonika

1 ¹ Kahatur dumateng dulur-dulur di Jamaah Tesalonika, umat kagungan Allah Rama jeung Gusti Yesus Kristus. Ieu surat ti Paulus, Silas, jeung Timoteus.

² Mugia aranjeun dikurniaan rahmat rahayu ti Gusti Allah Rama jeung ti Gusti Yesus Kristus.

³ Saban waktu sim kuring perlu muji sukur ka Allah ku kaayaan aranjeun, dulur-dulur! Teu rek kitu kumaha, lantaran aranjeun mingkin percaya ka Kristus jeung mingkin silih pikanyaah.

⁴ Eta sababna aranjeun ku sim kuring dipuji di jamaah Allah, dialem, lantaran kapercayaan aranjeun tetep tangguh, tahan nangankeun sagala kabalangsakan jeung cocoba.

⁵ Eta nandakeun adilna putusan Allah, nepi ka aranjeun layak jadi warga Pamarentahan Mantenna, sabab geus balangsak ku karana hal eta.

⁶ Allah bakal midamel sakumaha mistina, sakur anu ngalantarankeun aranjeun balangsak teh baris disina balangsak.

⁷ Aranjeun anu ayeuna lara balangsak, kitu deui sim kuring, bakal diluginakeun ku Allah,

ari Gusti Yesus sumping ti sawarga diiring ku para malaikat anu garagah,

⁸sumping dina gedurna seuneu. Anjeunna bakal ngahukum sakur anu nolak ka Allah jeung ka anu embung narima Injil Kasalametan hal Yesus Gusti urang.

⁹Maranehna bakal ngarasa hukumanana, binasa salalanggengna, dipeclengkeun ti payuneun Gusti jeung ti lingkungan kakawasaana-Na anu agung.

¹⁰Eta tangtu kitu dina waktu Anjeunna sumping, poean Anjeunna nampi pamuji jeung panghormat ti sakabeh jelema anu percaya ka Anjeunna. Aranjeun oge bakal kumpul jeung anu palercaya kana Injil Kasalametan anu diwawardeun ku sim kuring tea.

¹¹Tumali jeung eta, aranjeun ku sim kuring teu kendat dipangnedakeun ka kersa Allah urang, mugi-mugi ku Mantenna dipandang layak pikeun manjing hirup anu langgeng, luyu jeung panyaur-Na. Mugi-mugi ku pangawasa Mantenna, kahayang aranjeun kana ngalampahkeun anu hade jeung sampurna baranggawe enggoning percaya teh tinekanan.

¹²Lamun kitu, eta hirup aranjeun teh matak mulya ka pajenengan Yesus Gusti urang, sarta aranjeun oge mareunang kamulyaan ti Anjeunna, ku berkah sih kurnia Allah, jeung ku rahmatna Gusti Yesus Kristus.

2 ¹ Ngeunaan pisumpingeunana Gusti urang Yesus Kristus, jeung hal urang bakal kumpul di Anjeunna, sim kuring ngelingan ka aranjeun, dulur-dulur!

² Poma ulah bingung pipikiran, ulah gugup ku nu nyebutkeun magar poe sumpingna Gusti teh geus nitih winci. Bisa jadi kabarna asal tina ramalan atawa hutbah, atawa majar asal tina surat sim kuring.

³ Kajeun kumaha, kajeun ku saha, aranjeun ulah kapangaruhan. Sabab eta Poe moal waka datang samemeh loba anu murtad ti Kristus, jeung samemeh Manusa Jahat anu geus ditangtukeun baris dikanarakakeun tea nembongankeun dirina.

⁴ Si Jahat teh bakal ngalawan ka sakur anu disebut allah atawa kana naon bae anu dipuja-puja ku jelema, seug ngangkat maneh pangluhurna ti eta sakabeh. Malah manehna bakal anegleng di Bait Allah jeung ngumumkeun yen dirina teh Allah.

⁵ Eta kabeh ku sim kuring geus diomongkeun bareto waktu keur di aranjeun keneh. Inget henteu?

⁶ Tapi ayeuna mah eta teh moal waka, sabab aya keneh anu nahana. Naon anu nahanna, aranjeun geus terang. Dina waktu anu geus ditangtukeun ku Allah, eta Manusa Jahat teh bakal ngajirim.

⁷Ayeuna manehna keur tatan-tatan keneh ririkipan, tapi moal waka prung, ngadago hahalangna disingkirkeun ku anu nahanna,

⁸geus kitu kakara eta Manusa Jahat teh datang nembongkeun maneh. Tapi dina mangsa Gusti Yesus sumping, manehna bakal paeh ditiuup ku napas anu ngahebos tina baham Gusti, lebur ku kilat tina salira-Na.

⁹Manusa Jahat tea munculna nyangking pangawasa Iblis, nyieun rupa-rupa muijat jeung rupa-rupa kaahengan anu nyasabkeun,

¹⁰jeung ngagunakeun rupa-rupa tipu daya, merdaya jelema-jelema anu memang geus kuduna binasa. Maranehna bakal binasa, lantaran nolak jeung teu resep kana warta sayakti anu baris nyalametkeun.

¹¹Ku sabab kitu ku Allah ge diantep sina kasarad ku nu salah, kagusur ku nu palsu.

¹²Temahna, sakur anu henteu percaya kana eta warta sayakti, malah misuka kana dosa, pinasti bakal dihukum.

¹³Saban waktu sim kuring wajib muji sukur ka Allah ku hal aranjeun, dulur-dulur, anu diasih ku Gusti. Sabab aranjeun ku Allah dipilih pangheulana pikeun disalametkeun, lantaran percaya kana eta warta anu sayakti, disalametkeun ku pangawasa Roh, sangkan jaradi umat suci kagungana-Na.

¹⁴Aranjeun ku Allah disaur kana ieu kaayaan ku jalan Injil Kasalametan anu diwawarkeun ku sim kuring, disaur supaya narima jeung

ngamilik kamulyaan Gusti urang Yesus Kristus.

¹⁵Ku sabab kitu, dulur-dulur! Sing mantep, sing maneuh kana warta sayakti anu diajarkeun ku sim kuring boh ku hutbah, boh ku surat.

¹⁶Mugi-mugi Gusti urang Yesus Kristus, kitu deui Allah Rama urang anu mikawelas mikaasih, maparin panglilipur, katabahan jeung kamantepan,

¹⁷supaya aranjeun salawasna teuneung jeung ludeung nyaturkeun jeung ngalampahkeun perkara nu hade.

3 ¹Doakeun sim kuring dulur-dulur. Pangnedakeun sing bisa neruskeun nyebarkeun amanat Gusti, sing gancang hasil reujeung gumilang kawas di aranjeun.

²Doakeun oge, mugi sim kuring ku Allah dijaga ti jalma nu niat jahat, malum moal unggal jalma percaya kana eta amanat teh.

³Tapi aranjeun bakal dikuatkeun ku Gusti anu sipat satuhu, diraksa ti si Jahat.

⁴Sim kuring diyakinkeun ku Gusti, percaya yen aranjeun keur ngalakonan hal anu dipapatahkeun ku sim kuring, sarta bakal pengkuh saterusna kana hal eta.

⁵Mugia aranjeun ku Gusti dikersakeun tambah ngarti kana kaasih Allah sarta tahan uji saperti Kristus.

⁶Dulur-dulur! Kalawan nyambat jenengan Gusti urang Yesus Kristus, sim kuring meredih

ka aranjeun, jauhkeun diri ti jelema anu kedul, jeung ti anu teu daek ngagugu kana papatah sim kuring.

⁷ Aranjeun pribadi terang kumaha kuduna nyonto kana lampah sim kuring. Waktu sim kuring di aranjeun keneh geuning jajauheun tina hirup kedul.

⁸ Sagala anu katarima teu aya anu ku sim kuring teu dibayar. Beurang peuting digawe banting tulang, embung nyusahkeun ka aranjeun anu mana bae oge.

⁹ Lain ku sabab sim kuring teu aya hak menta balanja, tapi maksud teh arek nyontoan ka aranjeun.

¹⁰ Bareto basa keur di dieu keneh geuning sim kuring biasa sok ngomong kieu, "Nu embung digawe mah tong dibere dahar!"

¹¹ Ngomong kitu soteh lantaran ngadenge carita yen di aranjeun aya jelema-jelema anu kedul, anu gawena taya lian ti ngan ngarerecok urusan batur.

¹² Ka jelema anu kitu, kalawan asmana Gusti Yesus Kristus sim kuring meredih jeung ngelingan kudu hirup tartib jeung kudu daek baranggawe keur kipayah hirupna.

¹³ Ari aranjeun dulur-dulur, omat ulah bosen-bosen migawe anu hade.

¹⁴ Tapi teu mustahil aya anu embung ngagugu kana ieu amanat anu ku sim kuring ditulis dina ieu surat. Lamun aya, cirian, tong dicampuran, sina eraeun.

¹⁵Tapi ulah dimusuhan, pepelingan bae sakumaha pantesna ka dulur.

¹⁶Mugia Gusti ku anjeun anu jadi sumber katengtreman urang, saban-saban waktu nengtremkeun ka aranjeun dina sagala perkara. Mugia Mantenna nyarengan ka aranjeun.

¹⁷Salam sono sim kuring, Paulus. Tah ieu mah tulisan sim kuring pribadi. Kitu tanda tangan sim kuring dina unggal-unggal surat.

¹⁸Mugia Gusti urang Yesus Kristus maparinkeun sih kurnia-Na ka aranjeun. Wassalam, Paulus

1 Timotius

1 ¹(1:1-2) Timoteus, anak bapa ku karana anut ka Kristus! Ieu bapa, Paulus, anu jadi rasulna Kristus Yesus, ngemban parentah Allah, nu nyalametkeun urang, jeung ngemban dawuhan Kristus Yesus nu jadi pangharepan urang, nyuratan ka hidep. Mugia hidep meunang sih kurnia rahmat rahayu ti Allah Rama jeung ti Kristus Yesus Gusti urang.

²(1:1)

³Bapa meredih supaya hidep matuh di Epesus, sakumaha ceuk bapa waktu bapa keur ka Makedoni tea. Sabab di ditu aya anu ngajarkeun pangajaran mahiwal, ku hidep kudu dicegah.

⁴Nasehatan, ulah sina ngagugulung deui dongeng-dongeng jeung cukcrukan asal-usul karuhun, anu ngan matak picekcokeun bae, lain mawa kana percaya ka Allah sarta narima kana pikersaeuna-Na.

⁵Nasehatna tujukeun pikeun mulihkeun deui sipat kanyaah anu bijil tina ati sanubari, medal tina pikiran nu caang, mencar tina kaiklasan iman.

⁶Geus aya jelema-jelema anu geus teu baroga deui sipat kitu teh, kalah ka sasar kana paguneman anu ngacapruk.

⁷ Eta teh harayangeun jadi guru agama, tapi kana omonganana sorangan teu ngarti, kana hal anu ku maranehna diajarkeun bangun sakitu yakinna teh maranehna sorangan teu paham.

⁸ Hukum Agama memang hade ari dipake samistina mah.

⁹ Ngan inget, Hukum Agama dijieunna teh lain keur jelema anu balageur, tapi keur tukang rerempak, keur penjahat, keur nu baragajul, keur nu doraka, keur nu teu boga agama, keur nu teu malire kana sual rohani, keur jelema anu maehan bapa atawa indung, sarta keur tukang-tukang maraehan umumna,

¹⁰ keur nu teu boga ahlak, keur nu cabul patemon, keur culik, keur tukang bohong, keur nu sok mere panyaksi palsu, jeung sajaba ti eta anu ingkar tina pangajaran anu bener,

¹¹ anu diajarkeun ku Injil, anu pangwawaranana dipercayakeun ka bapa, nya eta Injil Kasalametan ti Allah anu agung jeung pinuji.

¹² Bapa muji sukur ka Kristus Yesus Gusti urang, sabab ku berkah Anjeunna bapa kuat ngajalankeun kawajiban. Nganunuhunkeun reh ku Anjeunna dilayakkeun ngawulaan.

¹³ Padahal bareto bapa ka Anjeunna teh ngagogoreng, nganiaya jeung moyok. Sukur, bapa ku Allah dipikawelas, kawantu harita

mah bapa tacan percaya jeung tacan nyaho
yen peta bapa kitu teh salah.

¹⁴Ku Gusti nu sipat welas bapa malah
dilimpahan ku sih kurnia, dipaparin hate
percaya jeung rasa kanyaah, anu ayeuna
mah geus jadi sipat urang ku lantaran anut
ka Kristus.

¹⁵Kalimah, "Kristus Yesus sumping ka
dunya pikeun nyalametkeun jalma dosa"
teh memang wajib dipercaya sabab enya.
Geuning bapa, sangkilang pangjihatna ge ti
sakur anu doraka,

¹⁶ku Allah dipikawelas, supaya Kristus Yesus
iasa nembongkeun kasabarana-Na anu taya
hinggana ka bapa, jalma pangdorakana,
pikeun jadi conto ka sakabeh jalma anu bakal
palercaya ka Anjeunna pikeun narima hirup
langgeng.

¹⁷Kamulyaan, kaagungan, kasanggakeun
sapapaosna ka Mantenna, Raja abadi, gaib,
Allah anu maha esa. Amin.

¹⁸Timoteus anaking! Bapa mercayakeun
ieu tugas ka hidup teh luyu jeung ucapan
piwejang baheula ngeunaan diri hidup.
Gunakeun eta ucapan piwejang teh, jieun
paketan paranti bajuang.

¹⁹Mantepkeun iman, nyaringkeun pikir. Aya
jelema-jelema anu geus henteu malire kana
panggeuing budi rasana sorangan, imanna
geus runtuh,

²⁰ contona bae Himenius jeung Aleksander. Eta dua jelema ku bapa geus dihukum diselehkeun ka Iblis, sina jadi pangajaran supaya eureun ngahinana ka Allah!

2 ¹ Pangpangna bapa menta supaya hidep mangnyuhunkeun, mangnedakeun, mangnyambatkeun, jeung mangsukurkeun ka Allah pikeun jalma rea,

² pikeun kapala-kapala nagara, jeung pikeun kapala-kapala pamarentahan. Suhunkeun supaya urang hirup teh ayem jeung tengtrem, ibadah ka Allah, peryoga lampah.

³ Paneda kitu hade, sapuk jeung kahoyong Allah Jurusalamet urang,

⁴ anu mikahoyong supaya manusa teh kabeh salamet sarta daraek narima ka nu sayakti,

⁵ nya eta: Allah teh hiji, jeung ngan hiji bae jalan anu ngahijkeun manusa jeung Allah, nya eta manusa Kristus Yesus,

⁶ anu geus ngurbankeun anjeun supaya kabeh manusa bisa disalametkeun. Ku jalan kitu, Allah teh dina mangsana geus ngabuktikeun kahoyongna nyalametkeun sakabeh manusa.

⁷ Sarta nya ku karana eta bapa diutus jadi rasul jeung guru pikeun jalma-jalma nu lain Yahudi, nguarkeun kapercayaan jeung kayaktian anu dianut ku anu palercaya ka Kristus. Bapa henteu bohong. Ieu ucapan bapa teh saenyana!

⁸Di unggal jamaah, lalaki anu ngabaktikeun diri ka Allah kudu neneda namprakkeun leungeun kalawan hate beresih, bebas tina kaambek jeung unek-unek.

⁹Mun awewe, kudu hade pake, kudu pantes jeung merenah, sing sameujeuhna ulah kaleuleuwih, buuk tong dimodel-model, pakean tong nu mararahal, awak ulah reuceum ku perhiasan emas atawa mutiara.

¹⁰Anggur dangdanan ku kaampuhan, sakumaha pipanteseunana awewe nu ibadah ka Allah.

¹¹Awewe mah kudu lungguh andalemi,

¹²ka salaki ulah kumawani, ulah marentah atawa mamatahan.

¹³Sabab anu dipidamel ku Allah teh Adam heula, kakara Hawa.

¹⁴Tapi anu kawujuk jeung ngarempak larangan Allah teh Hawa, lain Adam.

¹⁵Tapi awewe teh kudu ngajuru sangkan bisa disalametkeun. Kitu ge kudu reujeung pengkuh kana ibadah, boga kanyaah, beresih lampah, basajan pamolah.

3¹Aya anu nyebutkeun, "Jelema anu hayang jadi pamingpin jamaah mah malar kana gawe mulya." Enya eta teh.

²Sabab jadi pamingpin jamaah mah kudu ulah aya kuciwa. Pamajikan teu meunang leuwih ti hiji. Kudu wijaksana, kudu bisa nahana diri, kudu rapih, kudu someah ka semah, kudu bisa ngawuruk,

³Iain pamabokan, ulah bengis, kudu darehdeh, resep badami jeung ulah piduit.

⁴Kudu bisa ngatur kulawarga sorangan, ku anak kudu katurut jeung dipikaajrih.

⁵Sabab lamun ka kulawarga sorangan geus teu bisa ngatur, kumaha rek bisa ngatur jamaah Allah?

⁶Kudu geus lila deuih asupna agama, supaya ulah jadi gumede tuluy tigubrag, saperti Iblis.

⁷Jeung kudu hade kasebutkeunana ku nu di luar jamaah, supaya ulah jadi cela anu ahirna beunang kajiret ku Iblis.

⁸Nya kitu keneh anu jaradi juruladen jamaah, kudu hade ahlak, kudu satarabasna, ulah beuki nginum, ulah mata duiteun,

⁹kudu ngaku ku budi rasa anu beresih yen agamana teh nyata benerna.

¹⁰Anu matak kudu diuji heula tabeatna, lamun lulus kakara jenengkeun.

¹¹Pamajikanana oge kudu hade tabeat, iain tukang ngupat, peryoga, jujur dina sagala perkara.

¹²Juru laden jamaah mah pamajikanana kudu hiji bae, jeung kudu bisa ngawarah anak jeung ngatur kulawargana.

¹³Juru laden anu hade gawe tangtu bakal diajenan, matak laluasa nyarita perkara kapercayaan ka Kristus Yesus.

¹⁴Sabot bapa nulis, bapa boga maksud rek buru-buru manggihan hidep.

¹⁵Tapi bisi bae elat, hidep geus nyaho tina ieu surat kudu kumaha lampah hirup di kalangan warga Allah, nya eta di gareja Allah anu jumeneng, anu jadi tihang jeung panyangga kayaktian.

¹⁶Geus teu bisa dibantah deui, rasiah ibadah urang teh kacida agungna: Kristus geus mijalma jadi manusa, hal eta ku Roh Suci geus dibuktikeun benerna, para malaikat saksina, dimashurkeun ka bangsa-bangsa, dipercaya ku saalam dunya, ayeuna Anjeunna geus diangkat ka sawarga.

4 ¹Roh Suci geus netelakeun yen ka hareup bakal aya jalma-jalma anu naringgalkeun piwuruk Kristus, kaceot ku roh-roh bohong, mengpar kana pangajaran setan,

²anu diliarkeun ku tukang-tukang merdaya, anu batinna ibarat geus tutung ku beusi hurung, geus paeh bebeneranana.

³Ceuk pangajaranana, jalma teu meunang kawin, jeung kudu pantrang kana sawatara rupa kadaharan. Padahal eta kadaharan teh diciptakeun ku Allah sangkan ku urang didahar sanggeus urang muji sukur heula ka Mantenna. Kitu ari nu percaya jeung geus nyaraho kana kayaktian Mantenna mah.

⁴Saniskara anu diciptakeun ku Allah teh hade, taya nu wajib ditolak, kabeh kudu ditarimakeun dibarengan ku muji sukur.

⁵ Sabab lamun geus diberkahan ku Allah jeung geus disanggakeun dina paneda, eta kadaharan teh jadi sapuk jeung manah Allah.

⁶ Pek hal ieu ku hidep papatahkeun ka dulur-dulur, sangkan nyata hidep teh palayan Yesus Kristus anu hade. Hidep pribadi kudu ngabayuan diri ku sabda hal percaya jeung ku piwuruk hal kayaktian anu geus jadi anutan hidep.

⁷ Dongeng-dongeng tahayul jauhan, da taya paedahna. Latih diri kana lampah ibadah.

⁸ Olah raga aya gunana keur badan, ari latihan batin mah gunana kana sagala perkara, nungtun kana hirup di dunya jeung di aherat.

⁹ Saestuna eta teh! Wajib ditarima jeung dipercaya sagemblengna.

¹⁰ Urang daek susah payah hese cape dina hal ieu teh lantaran ngandel ka Allah anu jumeneng, Jurusalamet sakumna manusia, pangpangna anu percaya ka Mantenna.

¹¹ Heug ieu piwuruk teh ku hidep wurukkeun.

¹² Hidep ulah pedah ngora tuluy beunang disapijakeun. Dina ucap, dina kalakuan, dina kanyaah, dina kapercayaan, jeung dina kamulusan hirup, hidep kudu jadi tuladan ka sasama saiman.

¹³ Memeh bapa datang engke, pake waktu hidep kana mangmacakeun Kitab Suci ka dulur-dulur, hutbahkeun, wurukkeun.

¹⁴ Hidep geus dikurniaan Roh Allah waktu diistrenan, ku jalan ditumpangan panangan ku para kokolot, dibere ucapan piwejang nabi-nabi. Eta kurnia teh ulah dilalaworakeun.

¹⁵ Pake, lampahkeun, abdikeun diri kana hal eta, supaya tempong ku sarerea yen hidep aya kamajuan.

¹⁶ Jaga diri ati-ati, awaskeun pangajaran. Sing rajin ngalakonan eta kabeh sangkan jamuga, boh hidep pribadi, boh anu ngadengekeun piwuruk-piwuruk hidep.

5 ¹ Ka nu geus karolot ulah keras-keras, ngomongan kudu cara ka bapa sorangan. Ka barudak ngora kudu kawas ka dulur sorangan.

² Ka awewe nu karolot sing kawas ka indung, ka mojang sing kawas ka lanceuk atawa adi kalawan pikir beresih.

³ Ka randa-randa anu enyaan randana sing hormat.

⁴ Tapi lamun randana boga anak atawa incu, anakna atawa incuna heula papatahan sina ngurus ka eta indungna atawa ninina, males budina, luyu jeung parentah agama. Lampah kitu sapuk jeung kersa Allah.

⁵ Randa anu geus nunggelis nepi ka taya anu baris ngurus, tinggal ngaharep ka Allah, sina neneda ka Mantenna beurang peuting, nyambat pitulung-Na.

⁶ Tapi randa anu resep senang-senang, eta mah hirup keneh ge sasat geus paeh.

⁷ Geuing, wurukan, supaya hirupna ulah aya celana.

⁸ Sing saha anu tambelar ka baraya, pangpangna ka anggota rumah tanggana sorangan, eta teh ingkar tina iman, leuwih jahat ti batan anu teu boga iman.

⁹ Randa anu umurna can genep puluh taun ulah waka diasupkeun kana daptar. Jeung deui: bogana salaki ngan sakali,

¹⁰ kalakuanana kaceluk mulus, bener rumawatna ka anak, akuan ka semah, daek asor ngalakonan kawajiban keur sasama saiman, daek nalang ka nu susah, jeung gumati kana gawe nu harade.

¹¹ Randa nu ngarora keneh tong diasupkeun kana daptar, bisi ari teu tahaneun hayangeun kawin deui tuluy nirca ti Kristus,

¹² ngalanggar ikrarna ka Anjeunna yen moal kawin deui.

¹³ Jeung ongkoh sok dialajar natangga ka saban imah. Malah aya nu leuwih goreng ti kitu, dialajar ngupat, campur kana urusan batur, jeung ngobrolkeun anu teu parantes.

¹⁴ Nu matak randa-randa ngora mah mending karawin deui bae sina baroga anak, sina ngurus rumah tangga, sangkan lawan urang teu manggih bahan omongkeuneun pikeun ngagogoreng.

¹⁵ Da aya randa-randa anu nirca tuluy milu ka setan.

¹⁶ Jeung lamun di hiji kulawarga aya randana, eta kulawarga wajib ngabayuan anggotana anu geus jadi randa, ulah neumbleuhkeun ka jamaah, keun jamaah mah sina laluasa ngabayuan randa-randa anu geus teu baroga baraya.

¹⁷ Para kokolot jamaah anu alus ngokolotanana sakumaha mistina nu jadi pamingpin, kudu meunang bayaran dua tikel, komo anu getol hutbah jeung rajin ngawuruk mah.

¹⁸ Sabab ceuk Kitab Suci ge, "Sapi nu keur dipake ngirik gandum ulah diborongsongan sungutna." Jeung, "Nu digawe wajib meunang bayaran."

¹⁹ Hidep ulah guguan ka nu ngadukeun kokolot, kajaba lamun pangaduanana aya saksina duaan atawa leuwih.

²⁰ Lamun tetela aya dosana, tegor di hareupeun umum, supaya anu sejen sarieuneun.

²¹ Di payuneun Allah, di payuneun Kristus Yesus, di payuneun para malaikat suci, bapa merih meredih ka hidep: Jalankeun ieu katangtuan-katangtuan teh. Dina ngalaksanakeun aturan naon bae hidep ulah aya purbasangka atawa pilih kasih.

²² Jaba ti kitu hidep ulah gampang numpangkeun leungeun ngangkat jalma dikawulakeun ka Gusti. Ulah kalibet ku

kajahatan batur, jaga diri sangkan tetep murni.

²³Ku lantaran hidep geringan, nginum ulah cai wungkul, perlukeun saeutik mah nginum anggur keur ngabantu padaharan.

²⁴Mungguh kasalahan, aya anu ujug-ujug katohyan, memeh dipariksa geus kaboker manten. Aya oge anu kabukana ka lilanakeun.

²⁵Lampah hade kitu keneh, aya anu gancang katara, aya anu lila deui, tapi kabeh ge mo burung kabuka.

6 ¹Gandek-gandek kudu mandang yen dununganana teh jelema nu wajib dihormat, supaya ulah aya jelema anu ngagogoreng kana jenengan Allah jeung kana pangajaran agama urang.

²Lamun ngawulana teh ka jelema anu anut ka Kristus, ulah pedah ka nu saagama tuluy kurang ngahormat. Malah ngawulana kudu leuwih enya-enya, da anu make tanagana teh dulur sakapercayaan anu kudu dipikaheman. Ieu papatah teh ku hidep wurukkeun.

³Anu papatahna papalingpang jeung eta, ngalawan pangandika sayakti Gusti urang Yesus Kristus jeung kana pangajaran agama urang,

⁴eta teh guminter padahal taya kanyaho. Panyakitna teh bantahan, resep parebut omong nepi ka nimbulkeun dengki, resep pasea, resep nyawad, timburuan,

⁵ papaduan teu eureun-eureun jeung anu saruana, jalan pikiranana geus buntu, bebeneranana geus musna. Jeung panyangkana agama teh bisa dipake jalan cari untung.

⁶ Memang agama teh hiji kauntungan gede lamun urangna tumarima ka nu geus aya mah.

⁷ Urang lahir ka dunya teh mawa naon? Teu mawa naon-naon! Mulang ti dunya rek mawa naon? Moal mawa naon-naon!

⁸ Anu matak asal cukup dahar cukup pake ge hirup teh meujeuhna.

⁹ Ngarah kabeungharan mah matak tigubrag kana panggoda, kabeulit ku rupa-rupa kahayang anu teu munasabah nu ngabahlakeun, matak ambrug ngagurubag.

¹⁰ Sabab beuki kana duit teh sumberna sagala kajahatan. Aya anu ku moho-mohona kana duit nepi ka pecat iman, hatena ajur ku rupa-rupa aral.

¹¹ Tapi hidep mah milik Allah ulah kitu. Sing jadi jelema bener, ibadah, percaya ka Gusti, nyaahan, tabah, someah.

¹² Kudu ihtiar meunangkeun ganjaran iman, nya eta hirup anu langgeng. Sabab hidep disaur ku Allah basa ngikrarkeun pangaku kapercayaan disaksian ku jalma loba teh, nya geusan meunangkeun eta hirup anu langgeng.

¹³Di payuneun Allah anu ngahirupkeun saniskara, jeung di payuneun Kristus anu geus nganyatakeun panyaksiana-Na nu sayakti sakitu mantepna ka Pontius Pilatus, bapa meredih ka hidep:

¹⁴Gumatikeun ieu parentah-parentah, pupusti, nepi ka sumpingna Gusti urang Yesus Kristus,

¹⁵anu wancina geus dipastikeun ku Allah sumberna berkah, Panguasa esa, Rajaning sakabeh raja, Gustining sakabeh gusti.

¹⁶Ngan Mantenna nyalira anu teu keuna ku pati, anu jumeneng di jero cahaya anu hamo bisa didatangan. Can aya anu geus nenjo ka Mantenna, moal aya anu bisa nenjo ka Mantenna. Hormat jeung kakawasaan dibaktikeun ka Mantenna salalanggengna.

¹⁷Anu baleunghar elingan ulah adigung, ulah muhit kana barang anu sipat fana, kabeungharan upamana. Muhit teh kudu ka Allah, anu kawasa maparin sagala kagenahan.

¹⁸Sina nyieun kahadean, sina sugih ku sipat asih beunghar ku sipat berehan,

¹⁹minangka nyengcelengan harta langgeng keur jaman engke, supaya bisa ngamilik hirup sajati.

²⁰Timoteus anaking! Sing tigin kana pangajaran-pangajaran anu geus dipercayakeun ka hidep. Singkiran omongan anu teu pantes, jauhan papaduan

anu teu parok ngeunaan hal-hal anu
majarkeun teh elmu.

²¹ Aya jalma-jalma anu ngaku boga "elmu"
kitu, temahna mengpar tina pangajaran
agama urang. Mugia hidep jeung dulur-dulur
di dieu ginanjar rahmat Allah. Salam bapa,
Paulus

2 Timotius

1 ¹(1:1-2) Timoteus anaking, Ieu bapa, Paulus, anu ku Allah dikersakeun jadi rasulna Kristus Yesus, anu diutus ngembarkeun hal hirup anu dijangjikeun, anu geus beunang ku urang sanggeus urang ngahiji jeung Kristus Yesus. Mugia hidep ginanjar kurnia rahmat rahayu ti Allah Rama jeung ti Gusti urang, Kristus Yesus.

²(1:1)
³Bapa muji sukur ka Allah. Bapa ngabdi ka Mantenna reujeung lelembutan sakumaha karuhun bapa. Saban neneda, beurang atawa peuting, bapa inget ka hidep sarta muji sukur ka Mantenna.

⁴Bapa inget kana kasedih hate hidep, jadi bapa teh kacida tibelatna hayang gok bae papanggih, tada teuing meureun bungahna.

⁵Inget oge kana iman kapercayaan hidep anu iklas sakumaha Lois nini hidep jeung Enika indung hidep.

⁶Pamenta bapa, eta kurnia paparin ti Allah waktu hidep ditumpangan leungeun ku bapa teh sing tetep hirup dina hate hidep.

⁷Sabab Roh ti Allah ka urang teh lain nungtun kana jejerih, malah Roh-Na teh matak kuat hate, matak nyaahan, matak bisa ngadalian diri.

⁸Ku sabab kitu tong era-era ku perkara Gusti urang atawa ku hal bapa dipanjara ku karana Kristus, anggur milu ancrub sangsara ku karana Injil Kasalametan tea, da geus dibere kakuatan ku Allah.

⁹Urang ku Mantenna geus disalametkeun jeung disaur dijadikeun umat-Na. Lain pedah Mantenna mandang pagawean urang, tapi ku karana geus kitu bae tujuan Mantenna, jeung ku karana sih piwelas-Na anu geus dirancang ti samemeh gelarna pajamanan, sarta anu bakal ngalaksanakeunana teh Yesus Kristus.

¹⁰Ayeuna eta sih kurnia-Na teh geus dibuktikeun ka urang, sabab Kristus Yesus teh geus sumping, jadi Jurusalamet urang, namatkeun kakawasaan maot jeung ngagelarkeun hirup anu langgeng ku jalan Injil Kasalametan.

¹¹Eta Injil Kasalametan teh kudu diembarkeun, nu matak bapa ku Allah diangkat jadi rasul jeung guru anu kudu ngembarkeunana.

¹²Nya ku karana eta bapa nandangan sangsara teh. Tapi tekad bapa tetep, sabab nyaho pisan ka anu dipercaya ku bapa. Sarta bapa yakin yen Mantenna kawasa ngajaga eta amanat-Na anu dipercayakeun ka bapa nepi ka Poe Kiamat.

¹³Cekel pangajaran-pangajaran ti bapa teh sing gumati, jieun padoman turuteun hidep, sing mantep dina iman jeung kanyaah anu

geus jadi milik lantaran urang ngahiji jeung Kristus Yesus.

¹⁴ Naon-naon anu hade paedahna anu geus dipercayakeun ka hidep, jaga sing bener kalawan pitulung pangawasa Roh Suci anu geus ngancik di urang.

¹⁵ Dulur-dulur urang di wilayah Asia, malah Pigelus jeung Hermogenes, geus miceun ka bapa. Hidep ge nyaho.

¹⁶ Mugi aya piwelas Allah ka kulawarga Onesiporus anu sering ngahatean ka bapa. Manehna mah teu eraeun ngaku ka bapa anu keur di panjara teh.

¹⁷ Kakara ge jol ti Rum geus neangan bapa nepi ka kapanggih.

¹⁸ Di Epesus ge sering pisan nulunganana, hidep ge nyaho. Mugi-mugi dina Poean Gusti sumping anjeunna meunang piwelas Allah.

2¹ Sing kuat anaking, da urang teh geus meunang rahmat ku jalan ngahiji jeung Yesus Kristus.

² Pangajaran anu ku hidep kadenge tina embaran bapa ka jalma rea tea, percayakeun ka jelema anu bisa diandelkeun, sina diajarkeun ku manehna ka nu sejen.

³ Hidep kudu jadi prajurit Yesus Kristus anu satia, anu henteu jejerih sieun sangsara.

⁴ Prajurit anu hayang nyenangkeun hate kapalana, ngajalankeun tugasna teh moal bari nguruskeun sual-sual anu henteu patali jeung tugasna.

⁵ Olahragawan moal jadi juara lamun henteu tunduk kana katangtuanana.

⁶ Patani kakara bisa ngala hasil tanina lamun enggeus banting tulang.

⁷ Lenyepan ieu omongan bapa, engke ku kersaning Gusti ku hidep bakal kaharti.

⁸ Ingetkeun eusi Injil Kasalametan anu diwurukkeun ku bapa teh, nya eta: Yesus Kristus turunan Daud geus gugah tina pupus-Na.

⁹ Ku sabab ngawurukkeun eta Injil Kasalametan, bapa nepi ka jadi sangsara, malah dirante kawas penjahat. Tapi sabda Allah mah moal beunang dirante,

¹⁰ sarta nya eta sababna nu matak bapa tabah nadah sagala cocoba, keur kapentingan jalma-jalma anu geus dipilih ku Allah, supaya maranehna ge mareunang kasalametan ti Yesus Kristus, supaya baragja salalanggengna.

¹¹ Bener sakumaha ieu pitutur: "Anu milu paeh ka Anjeunna, bakal milu hirup jeung Anjeunna.

¹² Mun urang kuat nandangan, bakal milu jeung Anjeunna ngarajaan. Lamun urang ka Anjeunna nolak, urang ge ku Anjeunna bakal ditolak.

¹³ Mun urang henteu satia, Anjeunna mah tetep satia. Sabab Anjeunna teu iasa ngabobodo salira-Na ku anjeun."

¹⁴ Ingetkeun jalma-jalma kana hal ieu, geuing di payuneun Allah yen ulah sok parebut omong perkara sabda, taya hadena, ngan matak bingung ngadengena.

¹⁵ Hidep sing sakedah polah sangkan kaanggo ku Allah, jadi pagawe anu teu era ngemban parentah Mantenna, jeung bener ngajardeunana amanat kayaktian Allah.

¹⁶ Singkiran sual jawab gejul jeung teu pantes kadengena, anu temahna ngajauhkeun jalma-jalma ti Allah.

¹⁷ Aya duaan anu kitu pangajaranana, Himenius jeung Piletus. Pangajaran kitu lir bohak nu geus buruk dina daging.

¹⁸ Eta nu duaan geus ingkar tina kayaktian. Ceuk maranehna hudangna manusa tina maot teh geus kajadian, nepi ka matak marudah iman jalma-jalma anu geus palercaya ka Allah.

¹⁹ Tapi dadasar anu diadegkeun ku Allah teh weweg moal beunang kaoyag-oyag. Dina eta pademen aya kalimah kieu: "Pangeran uningka umat kagungana-Na." Jeung: "Nu ngaku jadi umat Pangeran kudu eureun migawe kasalahan."

²⁰ Di hiji imah gede aya rupa-rupa piring jeung mangkok. Aya nu tina perak jeung emas, aya nu tina kayu jeung taneuh. Aya nu pakeeun dina pesta, aya nu pakeeun sapopoe.

²¹ Jalma anu beresih tina kajahatan bakal dipake pikeun pagawean anu penting, husus keur Gustina baris dianggo ngajalankeun pagawean-pagawean mulya.

²² Hidep ulah nurutkeun perbawa kangoraan. Hirup teh pake ibadah, percaya ka Allah, nyaahan, tiis pikiran, barengan dulur-dulur nu aralus hate, anu ngarepna pitulung ka Gusti.

²³ Ulah daek diajak padu sual-sual anu mahiwal jeung taya pulunganeunana. Ku hidep bisa kajudi kikituan teh tungtungna pasea.

²⁴ Abdina Gusti mah ulah pasea, ka itu ka ieu kudu someah, ngajar kudu bageur jeung sabar.

²⁵ Mun menerkeun kasalahan lawan kudu leuleuy, sugar bae lawan teh ku Allah dikersakeun tobat daek narima kayaktian,

²⁶ lilir pikirna, leupas tina cangkereman Iblis anu maksa sangkan korbanna nurut kana parentahna.

3 ¹Inget anaking, dina ahir jaman bakal loba kasukeran.

²Jalma-jalma ngan inget ka diri sorangan bae, sararakah, takabur, garumede, resep ngagogoreng, bahula ka kolot, taya panarima, teu baroga agama;

³taya karunya, taya hampura, resep mitenah, bengis, dedegler, ijid ka jelema hade;

⁴ resep ngahianat, sambarangan, aradigung, ka Allah geus teu nyaraah, leuwih resep senang-senang;

⁵ ngajalankeun agama semet nedunan lahirna, ari kawasana agama teu dipalire. Jelema-jelema kitu jauhan.

⁶ Aya anu nyulusup ka imah batur, mikat awewe hengker anu beurat ku dosa jeung kasalahan sarta diudag-udag ku rupa-rupa kahayang,

⁷ awewe-awewe anu haben bae menta diajar, tapi teu datang ka nyaho kana hal anu bener.

⁸ Eta jelema-jelema teh pikir benerna geus teu jalan, imanna geus runtag, kawas Yanes jeung Yambres anu ngalawan ka Musa tea.

⁹ Tapi kituna teh moal laju deui, kageloanana bakal tereh katara ku sarerea, cara Yanes jeung Yambres.

¹⁰ Sukur hidep mah geus nuturkeun pangajaran bapa, kalakuan bapa, jeung tujuan hirup bapa. Geus nyaho kana iman bapa, kasabaran bapa, kanyaah bapa, jeung kapengkuhan bapa.

¹¹ Geus nenjo bapa dikaniaya, geus nenjo bapa sangsara. Geus nyaho kumaha bapa dikaniaya di Antioki, di Ikonium, jeung di Listra, estu matak ginggiapeun! Tapi Gusti geus ngajait bapa tina eta panganiayaan-panganiayaan.

¹²Da kitu ari anu merih kana hirup ibadah jeung hayang ngahiji ka Yesus Kristus mah, kabeh ge bakal nandangan panganiayaan.

¹³Ari anu daroraka, anu marunapek, geus jahat teh bakal beuki jahat, beuki nyasabkeun ka batur, bari dirina sorangan nyasab.

¹⁴Hidep mah kudu pangger kana kayaktian beunang diajar tea, sing kukuh percayana, sing inget saha guru-guru hidep.

¹⁵Ti bubudak hidep geus nyaho kana Kitab Suci, anu ka hidep mere pangarti, nungtun kana jalan salamet lantaran percaya ka Yesus Kristus.

¹⁶Eusi Kitab Suci, sagemblengna wahyu ti Allah, sarta mangpaat pikeun ngawurukkeun kayaktian, pikeun ngaweweleh anu salah, pikeun ngomean kasalahan, jeung pikeun nungtun kana hirup bener,

¹⁷supaya jelema anu ngabdi ka Allah lengkep sampurna kanyahona kana sagala rupa lampah nu hade.

4 ¹Ku sabab Yesus Kristus bakal sumping deui ka dunya pikeun marentah jumeneng Raja, di hadirat Allah jeung Yesus Kristus anu bakal ngahakiman ka anu harirup jeung ka nu geus maraot, hidep ku bapa diperih

²kudu ngawurukkeun eta wawaran ti Allah. Jalma-jalma kudu didesek sina ngadarengekeun, rek daekeun rek henteu. Yakinkeun ka maranehna, tegor

kasalahana, bere sumanget, wurukan kalawan sabar.

³Sabab engke bakal aya mangsa jalma-jalma arembung ngadenge deui piwuruk hade, kalah ka sakama-kama, kalah ka ngadatangkeun guru-guru anu omonganana genah ngagaroan liang ceuli.

⁴Tinimbang ngadenge kana piwuruk anu sayakti, kalah ka mikaresep kana dongeng-dongeng pamohalan.

⁵Kawasaan diri dina sagala kaayaan, sing tabah jeung wayahna, jalan terus, mashurkeun Injil Kasalametan, tedunan kawajiban abdi Allah.

⁶Bapa onaman geus puguh tereh paturay jeung nyawa, jadi kurban haturan Allah.

⁷Bapa enggeus beres balap, geus nepi ka garis ahir, henteu lesot tina iman,

⁸geus didagoan ku hadiah kaunggulan, pahla pikeun nu hirupna bener, anu bakal dipasrahkeun dina Poe Kiamat ku Gusti Hakim nu adil, ganjaran anu bakal katarima ku sakur anu nyaah ka Anjeunna jeung ngarep-ngarep kana pisumpingeuna-Na.

⁹Sabisabisa hidep kudu buru-buru manggihan bapa.

¹⁰Bapa geus ditinggalkeun ku Demas, da manehna kagembang ku dunya ieu, geus indit ka Tesalonika. Kreskes indit ka Galata, Titus ka Dalmati,

¹¹ anu aya keneh kari Lukas. Markus sampeur, bawa, sabab gawena kapake ku bapa.

¹² Tihikus ku bapa dititah ka Epesus.

¹³ Pangmawakeun mantel bapa anu ditunda di Troas, cokot ti Ki Karpus, kitu deui buku-buku, sumawonna buku anu kertas kulit tea.

¹⁴ Aleksander, paledang tea kacida jahatna ka bapa. Sing aya wawalesna anu satimpal ti Gusti.

¹⁵ Hidep ge sing ati-ati, sabab manehna kacida ngewaeunana kana wawaran kayaktian teh.

¹⁶ Waktu bapa ngajawab pamariksaan anu mimiti tea, mani taya hiji anu bela, mani kabeh naringgalkeun, bebelia teh sorangan we. Tapi mugi-mugi eta anu naringgalkeun ku Allah ulah dikieu-kieu.

¹⁷ Tapi Gusti tetep nyarengan ka bapa, nguatkeun hate bapa, nepi ka bapa sanggup ngawurukkeun eta Injil Kasalametan sagembengna ka nu lain bangsa Yahudi. Gusti geus ngaleupaskeun bapa tina hukum pati,

¹⁸ malah bakal ngaleupaskeun tina sagala nu jahat, sarta bakal nyandak bapa ka karajaana-Na di sawarga. Sing agung Anjeunna salanggengna! Amin.

¹⁹ Pangnepikeun salam bapa ka Priskila, ka Akwila, jeung ka kulawarga Onesiporus.

²⁰ Erastus mah di Korinta, ari Tropimus mah tinggaleun di Miletus da katarajang gering.

²¹ Sing sateka-teka datang memeh usum tiris. Aya salam ti Ebulus, ti Pudes, ti Linus, ti Klaudia jeung ti dulur-dulur sakapercayaan lianna.

²² Mugia Gusti nyarengan ka hidup. Mugia hidup jeung anu di darieu mendak sih kurnia ti Allah. Salam bapa, Paulus

Titus

1 ¹ Titus anaking! Ieu bapa, Paulus, abdina Allah, rasulna Yesus Kristus, nyuratan ka hidup. Bapa dipilih jeung diutus kudu ngabantu ngadegkeun kapercayaan jalma-jalma anu ku Allah geus dipilih jadi umat-Na, kudu ngawanohkeun kayaktian anu diajarkeun ku agama urang,

² nya eta agama anu ngarep-ngarep kana hirup anu langgeng. Eta hirup langgeng teh geus dijangjikeun ku Allah ti barang mimiti Mantenna ngayakeun waktu. Eta jangji pinasti bukti, da Allah mah tara jalir tina jangji,

³ tangtu nyata dina amanat-Na, lamun geus cunduk waktuna. Bapa diparentah ku Allah Jurusalamet urang, dipercaya ngembarkeun eta amanat Mantenna.

⁴ Titus anaking, hidup jadi anak bapa teh lantaran sakapercayaan jeung bapa. Mugia hidup ginanjar rahmat rahayu ti Allah Rama jeung ti Kristus Yesus Jurusalamet urang.

⁵ Hidup ku bapa ditinggalkeun di Kreta, kudu nganggeuskeun sakur anu kudu dipigawe, jeung kudu ngangkat tua-tua jamaah di unggal kota. Gumatikeun ieu sarat-saratna. Nu kudu diangkat teh nya eta:

⁶jalma nu taya celana; anu bojona ngan hiji; anu anak-anakna palercaya ka Kristus, henteu baragajul atawa bangkawarah.

⁷Ku sabab tua-tua teh pamingpin jamaah anu nguruskeun padamelan Allah, tangtu ulah aya codekana, ulah gumede, ulah barangasan, ulah pamabokan, ulah bengis, ulah mata duiteun.

⁸Kudu someah ka semah, resep migawe nu hade. Kudu bisa nahan diri, jujur, suci, taat kana aturan.

⁹Tuhu kana warta amanat Allah anu wajib dipercaya, nurutkeun pangajaran anu geus katarima ku dirina. Lamun kitu tangtu bakal bisa nganasehatan ka batur ku eta pangajaran anu sayakti, jeung bisa nuduhkeun kasalahan batur anu ingkar tina eta pangajaran.

¹⁰Sabab loba jelema anu sok barontak, babakuna anu parindah ti agama Yahudi, nyebarkeun omongan panipuan anu taya eusina, nyasabkeun ka nu sejen.

¹¹Omonganana ku hidep kudu dibungkem, sabab ngaliarkeun pangajaran teu uni, ngabarubahkeun jalma-jalma katut sakulawargana masing-masing, bari nyiar kauntungan pribadi nu teu pantes.

¹²(1:12-13) Samalah kungsi aya hiji nabi, urang Kreta keneh, nyarita kieu: "Urang Kreta mah sapapanjangna barohong bae, jeung raraku saperti sato galak, turug-turug ngaredul!" Da saenyana atuh! Nu matak

ku hidep kudu diweweleh, sina sehat deui imanna,

¹³(1:12)

¹⁴sina ulah nganut deui dongeng-dongeng Yahudi jeung papakon anu diayakeun ku jelema-jelema anu ngalawan kana piwulang anu bener nu asalna ti Allah.

¹⁵Di jelema anu suci mah sagala rupa oge suci. Sabalikna di jelema anu pikiranana kotor jeung teu percaya ka Allah mah moal aya sipat suci, lantaran pikiran jeung batinna oge geus kotor!

¹⁶Ari ngakuna mah nyaho ka Allah, ari kalakuanana ingkar ti Allah, pinuh ku kangewa, tukang baha, pamohalan bisa migawe nu hade.

2¹ Ari hidep mah ngajar teh sing cocog jeung asas pangajaran anu bener.

²Lalaki anu geus karolot papatahan yen kudu nyaho ka diri, kudu nyaring pikir, kudu bisa nahan perasaan, bijaksana, bener nyekel kapercayaanana, nyaahan, tabah.

³Awewe anu geus karolot papatahan yen tingkah polahna kudu sing sakumaha tingkah polah wanita anu ibadah, ulah upatan, ulah katagihan ku inuman keras, tina perkara nu hade kudu itung-itung jadi guru,

⁴ka papada awewe anu ngarora kudu daek papatah yen kudu nyaah ka salaki jeung anak,

⁵kudu bisa mawa diri, hirup kudu beresih, kudu jaradi ibu rumah tangga anu hade, ngesto ka salaki, supaya ulah aya anu nepi ka ngagogoreng warta ti Allah tea.

⁶Barudak ngora papatahan yen kudu ngawasaan diri.

⁷Hidep pribadi kudu nyontoan hade. Sing suhud, sing tigin ngajar teh,

⁸kecap-kecapna kudu sing peryoga, ulah matak ngondang picawadeun, supaya anu ngamusuh ge eraeun lantaran teu manggih omongkeuneun, nepi ka teu bisaeun ngagogoreng ka urang.

⁹Anu kumawula papatahan yen kudu ngesto ka dunungan, sing matak pikaresepeun juraganana dina sagala perkara, mun diomongan ulah nyental,

¹⁰ulah ceceremed, sing kaciri hade watek jeung satia, sagala peta sing matak jadi puji kana piwulang hal Allah Jurusalamet urang.

¹¹Sabab Allah teh geus nurunkeun nugraha-Na kersa nyalametkeun sakabeh manusa.

¹²Eta nugraha Mantenna teh ngadidik sangkan urang miceun kabiasaan anu doraka jeung napsu kadunyaan, malar hirup di alam dunya teh bisa ngadalian diri, jujur, ibadah,

¹³ngadago Poe berkah anu ku urang dicileuk, anu ngebrehkeun kamulyaan Allah urang anu agung jeung Jurusalamet urang Yesus Kristus.

¹⁴ Anjeunna geus ngurbankeun salira-Na pipaedaheun urang, supaya urang bisa disalametkeun tina sagala kajahatan, jadi umat suci kagungana-Na ku anjeun, umat anu rajin ngalampahkeun kahadean.

¹⁵ Pek eta kabeh ajarkeun ku hidep. Ari ngajar, boh dina ngawawadian, boh dina ngaweweleh, kudu aya wibawa, ulah beunang dihahangu ku nu ngadengekeun.

3 ¹Jalma-jalma teh ingetan ku hidep
yen kudu tunduk ka pamarentah, ka
nu nyarekel kawasa nagara, taat tur siap
ngalakonan sarupaning anu hade.

²Elingan yen ulah ngagogoreng batur, kudu
runtut jeung someah, ka itu ka ieu kudu
darehdeh.

³Urang sorangan ge bareto mah bodo,
bantahan, sasar, jadi budakna hawa napsu
jeung rupa-rupa kasukaan, hirup dikepung ku
rasa timburu jeung dengki, batur ngewa ka
urang, urang ngewa ka batur.

⁴Geus kitu datang kasaean jeung asihing
Allah Jurusalamet urang,

⁵urang teh dijait disalametkeun. Tapi
disalametkeun ge lain ku sabab urang geus
migawe anu hade, tapi ngan ku perbawa sih
piwelas-Na, anu dilaksanakeunana ku Roh
Suci. Rereged diri urang teh ku Roh Suci
dikumbah beresih, nepi ka hirup urang jadi
anyar.

⁶Allah ngalimpahkeun Roh Suci ka urang teh ku jalan Yesus Kristus Jurusalamet urang.

⁷Ku karana kurnia-Na eta, urang teh ku Allah diangken deui, sarta dimilikan hirup anu langgeng anu dicileuk ku urang tea.

⁸Ieu hal anu diomongkeun ku bapa teh sabenerna. Anu matak hal ieu pangpangna ku hidup kudu diterangkeun sing jentre, supaya anu palercaya ka Allah satekah polah migawe hal-hal nu hade, anu aya paedahna pikeun balarea.

⁹Tapi mun aya anu ngabantah ku alesan-alesan anu gejul, atawa mun aya anu nyabit-nyabit turunan, anu pasea atawa gelut ku hal Hukum Agama Yahudi, singkiran bae da taya gunana, taya untungna.

¹⁰Jelema anu mecah belah jamaah pepelingan sakali, dua kali, teu ngadenge keneh mah tinggalkeun ulah dideukeutan deui,

¹¹sabab tetela ana kitu mah geus ingkar. Ciri yen manehna salah, kapan eta kalakuanana kitu teh dosa.

¹²Bapa arek ngajurung Artemas atawa Tihikus ka dieu; lamun geus datang, hidup sabisa-bisa kudu buru-buru nepungan ka bapa di Nikopolis, sabab bapa arek nganjrek di dinya satungtung usum tiris.

¹³Senas ahli hukum tea jeung Apolos, bantu sakuat-kuat supaya bisa bral ngayakeun perjalanan, urus bekelna sing cukup.

¹⁴ Batur-batur urang saagama sina dialajar parigel kana panggawe hade, sangkan nyukupan anu enya-enya dipikabutuh. Harirupna ulah nepi ka teu guna.

¹⁵ Aya salam keur hidep ti dulur-dulur anu reureujeungan jeung bapa. Salam deuih ti bapa ka dulur-dulur sakapercayaan. Mugia anu di darieu meunang berkah ti Allah. Wassalam, Paulus

Filemon

1 ¹Kaula Paulus, anu keur dibui ku karana Kristus Yesus, sareng Timoteus dulur urang. Nyeratan ka mitra sareng rekan kaula Pilemon,

²ka jamaah anu kempelanana di bumi anjeun; ka Nyi Apia, sareng ka Arhipus batur saperjuangan.

³Mugi di dieu sadayana aya rahmat rahayu ti Allah Rama sareng ti Gusti Yesus Kristus.

⁴Saderek Pilemon! Unggal kaula neneda ka Allah, anjeun ku kaula sok diunjukkeun. Kaula muji sukur ka Allah,

⁵reh kaula nguping yen anjeun estu percaya ka Gusti Yesus, sareng mikanyaah ka sadaya umat Allah.

⁶Dina paneda kaula nyuhunkeun, mugi perkawis urang jadi dulur sakapercayaan teh sing matak urang langkung surti ngalenyepan berkah-berkah anu katampi ku urang anu anut ka Kristus.

⁷Kanyaah anjeun ka dulur-dulur saagama teh estu matak bingah sareng ngareugreugkeun hate kaula, sareng nyenangkeun hate sadaya umat Allah.

⁸Ku margi kitu, dumeh kaula dulur anjeun anu sami-sami anut ka Kristus, tiasa bae

kaula marentahkeun anu kedah dijalankeun
ku anjeun.

⁹Nanging paliyas ari marentah mah da
ka anjeun teh nyaah. Ieu mah Paulus duta
Kristus anu keur dibui ku karana Anjeunna
teh mung seja aya anu disuhunkeun

¹⁰perkawis Onesimus, anu parantos jadi
anak kaula, lantaran parantos ngiring percaya
ka Kristus. Margi sajeroning keur dipanjara
teh kaula parantos jadi bapana dina hal
karohanian.

¹¹Onesimus anu kapungkur taya hartosna
keur anjeun, ayeuna mah malah ageung
hartosna teh, boh keur anjeun boh keur
kaula.

¹²Ayeuna Onesimus teh rek diwang sulkeun
deui ka anjeun, kitu ge hate kaula asa
kabawa.

¹³Kawitna mah bade ditahan sina ngabantu
ka kaula anu eukeur dipanjara ku karana Injil
Kasalametan, etang-etang gegentos anjeun.

¹⁴Nanging kaula taya seja mawa karep bisi
anjeun teu satuju. Da kahayang mah anjeun
midamel kasaean teh ulah ku karana dipaksa
ku batur, nanging ku karana suka pribadi.

¹⁵Manawi nu matak Onesimus kantos pisah
heula ti anjeun teh nya eta supados kapimilik
deui salamina,

¹⁶mung ayeuna mah sanes sapertos bujang
deui, harkatna parantos langkung ti bujang.
Tegesna parantos pantes jadi dulur kanyaah

Iantaran percaya ka Kristus, anu ageung tulungna ka kaula! Parantos puguh deui ari pikeun anjeun mah, engke bakal ageung tulungna teh, boh saperti bujang boh saperti dulur anu tunggal percaya ka Gusti!

¹⁷ Ku hal eta, ari leres mah anjeun ngangken kaula kanca saagama, Onesimus teh mugi ditampi lir nampi kaula.

¹⁸ Bilih bae kapungkur aya kalepatanana, atanapi aya hutangna, tempuhkeun ka kaula bae.

¹⁹ Tah ieu kaula nyerat kieu atuh di dieu: Kaula Paulus, anu pimayareunana. (Teu kedah disabit hal anjeun aya hutang ka kaula mah, nya eta hirup anjeun anu anyar saparantos jadi urang Kristen.)

²⁰ Demi Gusti, tulungan kaula dina perkawis ieu, senangkeun hate kaula, dulur anjeun saiman dilebet Kristus!

²¹ Nu mawi nyeratan oge lantaran percaya anjeun bakal kersa nyumponan panuhun kaula, malah anu langkung ti eta.

²² Sajabi ti kitu kaula hayang dipangnyadiakeun kamar di dieu, lantaran aya pangarep-ngarep yen Allah bakal ngamakbul kaula bisa ka dieu deui sakumaha paneda aranjeun.

²³ Aya salam ka anjeun ti Epapras anu reureujeungan dipanjara jeung kaula ku lantaran percaya ka Yesus Kristus,

²⁴ kitu deui ti rekan-rekan kaula: Markus,
Aristarkus, Demas, sareng Lukas.

²⁵ Mugia aranjeun di dieu ginanjar rahmat
Gusti Yesus Kristus. Wassalam, Paulus

I brani

1 ¹Jaman baheula Allah sering ngandika ka karuhun urang, make rupa-rupa cara, ditepikeunana ku nabi-nabi.

²Ayeuna, dina jaman ahir, ngandika-Na ka urang ku perantaraan Putra-Na, anu geus digadangkeun bakal diserenan hak kana saniskara hal. Allah ngajadikeun langit jeung bumi oge ku perantaraan Putra-Na,

³anu nyumiratkeun cahaya gumilang kamulyaan Mantenna, sarta anu kaayaana-Na nyeples Allah ku manten. Anjeunna murba ka sajagat raya ku kakawasaan pangandika-Na. Sanggeus nyucikeun manusa tina dosana, Anjeunna linggih di sawarga, di tengeneun Allah Nu Maha Kawasa.

⁴Allah ngajungjung Putra-Na leuwih ti batan ka para malaikat. Jenengan anu dipaparinkeun ka Putra-Na leuwih agung ti batan ngaran-ngaran malaikat.

⁵Taya hiji malaikat anu ku Allah ditimbalan kieu, "Hidep Putra Ama. Ayeuna Ama jadi Rama Hidep." Hal ngeunaan malaikat, Allah henteu ngadawuh, "Kami bakal jadi Rama-Na, Anjeunna bakal jadi Putra Kami."

⁶Waktu Allah ngutus eta Putra cikal, Mantenna nimbalan kieu, "Malaikat Allah kabeh kudu nyembah ka Anjeunna."

⁷ Anu ngeunaan malaikat mah kieu timbalana-Na, "Malaikat-malaikat-Na ku Mantenna dijadikeun angin, abdi-abdi-Na dijadikeun seuneu hurung."

⁸ Ari ngeunaan Putra-Na, kieu dawuhan Allah, "Karajaan Hidep, ya Allah, pingadegeun salalanggengna. Hidep ngereh reujeung adil.

⁹ Hidep mikasuka anu bener, mikagiruk anu salah. Eta sababna Hidep dipilih ku Ama, Allah Hidep, disukakeun ku harkat luhur, ngungkulan batur-batur."

¹⁰ Dawuhana-Na deui, "Ya Pangeran, mimitina Hidep ngajadikeun bumi, sarta ngajadikeun langit ku metakeun panangan.

¹¹ Eta kabeh bakal musna, bakal bobo cara lawon, demi Hidep mah bakal tetep aya.

¹² Sakuliah alam ku Hidep bakal ditilepan kawas pakean, bakal disalin lir ganti baju. Hidep mah moal barobah, bakal jumeneng salalanggengna."

¹³ Taya hiji malaikat-Na anu ku Allah didawuhan kieu, "Hidep geura calik katuhueun Ama, nepi ka musuh-musuh Hidep ku Ama dijieun jojodog tincakeun Hidep."

¹⁴ Lamun kitu, naon ari malaikat? Malaikat-malaikat mah roh anu ngawula ka Allah, anu ku Mantenna diutus pikeun ngabarantu jelema-jelema anu bakal nampa kasalametan.

2 ¹ Ku sabab kitu urang kudu beuki saregep kana pangajaran bener anu geus asup

kana ceuli urang, supaya urang henteu palid ku anu teu puguh.

²Pesen-pesen anu ditepikeun ku para malaikat ka karuhun urang teh tetela benerna, jadi saha-saha anu teu nurut kana hal eta bakal meunang hukuman anu satimpal.

³Jadi, lamun urang henteu malire kana eta pisalameteun anu luhur ajenna, kumaha rek bisa lolos tina hukuman? Anu mimiti ngembarkeun hal eta teh Gusti ku anjeun, geus kitu ku anu ngadarengena ditepikeun ka urang bari ditetelakeun yen bener.

⁴Panyaksi maranehna malah dikuatan ku Allah, ku jalan mintonkeun rupa-rupa kaahengan, mujijat-mujijat, jeung ku jalan maparin kurnia-kurnia anu asal ti Roh Suci, numutkeun kumaha kersa-Na.

⁵Dunya anyar, anu ku urang keur dipicatur, ku Allah henteu dikawasakeun ka para malaikat,

⁶sabab ceuk ungel salah sahiji bagian Kitab Suci kieu, "Manusa teh naon, nun Allah, nu mawi dipikaemut? Manusa teh mung manusa, ku Gusti dugi ka diperhatoskeun!

⁷Mung sakedap ku Gusti disina langkung handap ti batan para malaikat. Saparantos kitu mah dimakutaan ku kamulyaan sareng kaagungan,

⁸ku Gusti disina murba kana saniskara." Disebutkeun yen manusa ku Allah disina

"murba kana saniskara"; eta tetela nuduhkeun yen anu dipurba ku manusa teh sagala rupa. Ngan ayeuna mah urang tacan ningal manusa murba kana saniskara teh.

⁹Tapi urang terang aya anu nyepeng kawasa kitu, nya eta Yesus. Anjeunna ku Allah disina leuwih handap sakeudeung ti batan para malaikat, sarta disina pupus jadi gaganti sakumna manusa, ku tina asihna Allah ka manusa. Urang terang, ku sabab Anjeunna geus nemahan pupus jeung nandangan sangsara, Anjeunna geus aya dina kaagungan jeung kamulyaan.

¹⁰Memang kitu dikersakeunana ku Allah anu ngajadikeun jeung miara saniskara, Yesus teh disina sampurna ku jalan sangsara heula, supaya iasa nyandak pirang-pirang manusa anu bakal milu mulya saperti Anjeunna. Sabab Yesus teh anu nuyun manusa supaya salamet.

¹¹Yesus nyucikeun manusa tina dosa-dosana, ku jalan kitu Anjeunna jeung sakur anu disucikeun dosana jadi sa-Rama, sarta ku lantaran geus sa-Rama, Yesus henteu lingsemeun ngangken saderek ka maranehna.

¹²Hal eta nyata dina piunjuk-Na ka Allah, "Jenengan Ama sumeja dikenalkeun ka sadaya dulur-dulur, bade dipuji dina riunganana."

¹³Aya deui pilahir-Na, kieu, "Kami ngagantungkeun pangharepan ka Allah." Ieu

deui pilahir-Na, "Ieu Kami, jeung anak-anak paparin Allah."

¹⁴Ku lantaran jelema-jelema anu ku Anjeunna disebut anak teh mahluk tina sipat daging jeung getih, Yesus ngajadikeun salira-Na sasipat jeung maranehanana, hirup Anjeunna sakumaha hirup maranehanana, sarta manah-Na iklas nyorang pupus, supaya ku jalan kitu iasa ngabinasakeun Iblis anu kawasa kana maot,

¹⁵sarta ku jalan kitu Anjeunna iasa ngabebaskeun manusa, anu saumur hirupna dikukuntit ku kasieun, sieun maot.

¹⁶Tetela anu dibelaan ku Anjeunna teh lain para malaikat, tapi turunan Ibrahim, sakumaha anu disebutkeun dina Kitab Suci.

¹⁷Ieu hartina dina sagala hal Anjeunna kudu jadi sarua jeung saderek-saderek-Na tea, supaya iasa jadi Imam Agung anu satia jeung pinuh ku sipat welas asih, anu ngalalayanan Allah pikeun mangpaat maranehanana, sangkan dosa-dosa maranehna dihampura.

¹⁸Ku jalan kitu Anjeunna iasa nulung ka sakur anu keuna ku cocoba, lantaran Anjeunna oge geus nandangan cocoba jeung sangsara.

3¹Dulur-dulur sasama Kristen! Aranjeun ge geus disalaur ku Allah. Puseurkeun hate ka Yesus, anu ku Allah diutus jadi Imam Agung agama anutan urang.

² Yesus satia ka Allah, anu ngangkat Anjeunna nyepeng eta padamelan, saperti Musa anu satia nohonan papancen di gedong Allah.

³ Tapi Yesus leuwih agung ti batan Musa, ibaratna nu nyieun imah leuwih diajenan ti batan imah jieunna.

⁴ Imah tangtu aya anu nyieunna, ari saniskara sajagat raya dipidamelna ku Allah.

⁵ Musa satia ngawula di gedong Allah, bari ngutarakeun hal-hal anu diandikakeun ku Allah ngeunaan jaman nu bakal datang.

⁶ Tapi kasatiaan Kristus mah kasatiaan nu jadi Putra, anu kagungan rasa tanggung jawab perkara gedong Allah. Ari nu disebut gedong Allah nya eta urang, lamun urangna tetep junun kana hal anu dijieun pangharepan.

⁷ Jadi, sakumaha nu diandikakeun Roh Suci, nya eta, "Lamun maraneh poe ieu ngadarengé gentra Allah,

⁸ ulah basangkal cara karuhun maraneh, ngalawan ka Allah, waktu maranehna ngadoja ka Mantenna di gurun keusik.

⁹ Maranehanana ka Kami ngadoja, nyoba, timbalan Allah, padahal maranehna geus narenjo anu ku Kami dipigawe salila opat puluh taun.

¹⁰ Ku sabab kitu Kami jadi ambek, nepi ka nimbalan kieu, Ieu jelema-jelema teh daroraka sapapanjangna, arembungeun bae ngagugu parentah-parentah Kami.

¹¹ Awahing ku ambek Kami sumpah,
Maranehanana moal jadi diasupkeun ka tanah
anu ku Kami dijangjikeun, ku Kami moal
dibere reureuh!"

¹² Dulur-dulur sakapercayaan! Sing ati-ati,
ulah aya anu boga hate jahat jeung teu
percayaan kawas kitu nepi ka nukangan Allah
anu jumeneng.

¹³ Sabalikna, supaya ulah nepi ka aya anu
kabengbat ku dosa nepi ka jadi jelema jahat,
kudu silih tulungan unggal-unggal poe, salila
hirup di jaman anu dina Kitab Suci disebut
"Poe ieu".

¹⁴ Sabab urang teh kabeh geus jadi
kanca-kanca Kristus, asal pengkuh nepi ka
ahir nyekel kayakinan anu geus jadi cecekelan
ti awalna.

¹⁵ Sing aringet, kumaha ceuk Kitab Suci tea,
"Lamun maraneh poe ieu ngadarenge gentra
Allah, ulah basangkal cara karuhun maraneh,
ngalawan ka Allah."

¹⁶ Jelema-jelema anu mana anu ngadarenge
gentra Allah tapi ngaralawan teh? Nya eta
jelema-jelema anu ku Musa dibawa budal ti
Mesir tea, kabeh.

¹⁷ Ka saha Allah bendu nepi ka opat puluh
taun teh? Ka jelema-jelema anu daroraka tea,
nepi ka maranehanana tinggolepak maraot di
gurun keusik.

¹⁸ Timbalan Allah anu ungelna, "Maranehna
moal dibikeun arasup ka tanah keur

tempat reureuhna, sanajan ku Kami geus dijangjikeun" ka saha ditujulkeunana? Ka jelema-jelema anu ngaralawan tea.

¹⁹Jadi eces, pang maranehna teu kungsi arasup ka eta tanah teh lantaran teu palercayaean.

4 ¹Tempat reureuh anu dijangjikeun ku Allah teh pikeun urang oge. Urang oge bakal dipaparin tempat reureuh. Anu matak kudu ati-ati ulah aya ti aranjeun anu kasampak henteu layak asup ka eta tempat reureuh.

²Sabab urang oge geus ngadareng wawaran Injil Kasalametan saperti maranehna. Ngan pikeun maranehna mah eta wawaran teh teu jadi mangpaat, lantaran ngan dapon didareng, henteu dipercaya.

³Sabalikna ku urang mah reureuh anu dijangjikeun ku Allah teh bakal kasorang, sabab urang mah percaya. Ieu cocog jeung dawuhan Allah anu kieu tea, "Awahing ku bendu Kami sumpah: Maranehna moal jadi diasupkeun ka tanah anu ku Kami dijangjikeun teh, ku Kami moal dibere reureuh!" Kitu dawuhana-Na, sanajan padamelana-Na mah geus rengse ti barang Mantenna ngajadikeun alam dunya.

⁴Ngeunaan hal poe nu katujuh aya keteranganana dina Kitab Suci, kieu, "Dina poe nu katujuh Allah liren tina sagala padamelana-Na."

⁵Tina hal ieu disebutkeun deui kieu, "Maranehna moal jadi diasupkeun ka tanah anu ku Kami dijangjikeun teh, ku Kami moal dibere reureuh."

⁶Maranehna, anu pangheulana ngadarengé wawaran Injil Kasalametan teu kungsi arasup ka tempat reureuh tea, lantaran teu palercayaeun. Jadi eces, aya jelema-jelema sejen anu diidinan arasup ka dinya.

⁷Sabab Allah geus ngayakeun hiji poe deui anu disebut "Poe ieu". Sanggeus mangalam-alam, hal ieu ku Allah diandikakeun deui ku perantaraan Daud, ayat Kitab Sucina sakumaha anu tadi dipetik, "Lamun poe ieu maraneh ngadarengé gentra Allah, ulah basangkal."

⁸Upama baheula Yosua kungsi mah mawa maranehna reureuh di tanah anu dijangjikeun tea, Allah moal nyebat-nyebat deui hal poe anu hiji deui.

⁹Jadi eces aya keneh poe reureuh anu dijangjikeun pikeun umat Allah, saperti Allah liren dina poe nu katujuh.

¹⁰Sabab saha-saha anu geus asup ka tempat reureuh anu dijangjikeun ku Allah, bakal reureuh tina sagala pagaweanana, saperti Allah oge liren tina sakabeh padamelana-Na.

¹¹Ku sabab kitu urang kudu enya-enya, supaya bisa asup ka eta tempat, ulah nepi ka gagal lantaran wangkelang cara maranehna.

¹²Pangandika Allah teh nya hirup, nya kuat, tur leuwih seukeut ti batan pedang nu seukeut kenga katuhu, sanggup nusuk nepi kana nyawa jeung jiwa, tembus kana tulang sandi jeung sungsum, bisa maca pikiran jeung angen-angen manusia.

¹³Taya hiji hal anu bisa nyamuni ti Allah, kabeh mahluk eces nonggerak katingalieun. Ka Mantenna urang kabeh kudu nyanggakeun tanggung jawab kalakuan.

¹⁴Ku sabab kitu sing pageuh urang nyekel pangakuan yen percaya. Sabab urang boga Imam Agung anu luhur, anu geus lebet nepi ka payuneun Allah pisan, nya eta Yesus, Putra Allah.

¹⁵Imam Agung urang teh lain imam anu tara ngaraskeun kahengkeran-kahengkeran urang. Sabalikna malah, lantaran Anjeunna ge geus nyorang nandangan sagala dodoja cara urang, ngan ari Anjeunna mah teu kagungan dosa.

¹⁶Ku sabab eta hayu urang ngadeuheus bari reugreug hate ka Allah anu sipat kurnia. Mantenna tangtu mikawelas jeung maparin rahmat pitulung samangsa urang perlu ku pitulung Mantenna.

5¹Sakur imam agung dipilihna ti sasama manusia, diangkat pikeun jadi wawakil sasamana manusia ngalalayanan Allah, kapapancenan ngahaturkeun pangbakti-

pangbakti jeung kurban-kurban panebus dosa.

²Ku sabab dirina oge rea kalemahanana, imam agung bisa lemah lembut ka jelema anu taya kanyaho jeung rea salahna.

³Ku sabab dirina ge sipat lemah, ngurbanna teh lain ngan pikeun nebus dosa jalma rea bae, tapi keur dirina oge.

⁴Imam agung teu aya anu ngajenengkeun maneh, sabab kudu aya panyaur heula ti Allah, saperti Harun contona.

⁵Kristus oge kitu, jadi Imam Agung teh henteu ngangkat anjeun, tapi dijenengkeun ku Allah. Kieu dawuhan Allah ka Anjeunna, "Hidep Putra Ama, poe ieu Ama jadi Rama Hidep."

⁶Dina kasempetan sejen kieu dawuhan Allah, "Hidep jadi Imam langgeng saperti Imam Melkisidik."

⁷Waktu keur jumeneng keneh di ieu bumi, Yesus sasambat bari medal cisoca ka Allah, anu iasa ngaluputkeun Anjeunna tina ancaman pati. Ku sabab rendah manah jeung ajrih, paneda-Na ku Allah dikabul.

⁸Yesus sanajan Putra Allah, tumut sarta sadrah nandangan sangsara.

⁹Ku sabab kitu sanggeus dijadikeun sampurna, Yesus teh jadi sumber kasalametan jelema-jelema anu aranut ka Anjeunna,

¹⁰sarta ku Allah diembarkeun jadi Imam Agung golongan Melkisidik.

¹¹Hal Yesus jadi Imam Agung, loba anu perlu diterangkeun, tapi hese nerangkeunana, lantaran aranjeun kendor kana ngarti.

¹²Geus sakitu lilana dialajar dina hambalan kahiji pangajaran-pangajaran ti Allah, kuduna mah ayeuna geus jaradi guru tina hal eta. Ari pek masih keneh kudu diajar ku batur, can bisa meuweung anu teuas-teuas, kakara bisa kana susu.

¹³Anu disusuan keneh mah orok, anu tacan boga pangalaman, tacan nyaho salah jeung bener.

¹⁴Kadaharan anu teuas-teuas mah ngan pikeun anu geus cukup umur, anu geus boga pangalaman bisa ngabedakeun mana nu hade mana nu jahat.

6 ¹Ayeuna hayu urang mancat tina hambalan kahiji, urang teruskeun kana pangajaran-pangajaran Kristen saterusna, sing nepi ka asak. Ulah ngungucel bae pangajaran dasar anu ngajardeun hal kudu eureun tina kalakuan nu taya mangpaatna, hal kudu percaya ka Allah,

²hal baptis, hal numpangan leungeun ka batur, hal pihudangeunana anu geus maraot, jeung hal hukuman langgeng.

³Urang maju! Ka nu leuwih luhur! Mugia Allah ngawidian!

⁴ Sabab lamun jelema geus ninggalkeun imanna, bisa ditungtun deui kumaha? Tadina maranehna geus araya dina caangna Allah, geus ngarasa genah-genahna kurnia-kurnia Allah ti sawarga, geus narampa Roh Suci,

⁵ tina pangalamanana geus nyarahoeun yen pangandika Allah teh hade, geus barisa ngarasakeun kurnia-kurnia jaman nu bakal datang.

⁶ Ari pek malundur deui! Pamohalan bisa diajak tobat deui, lantaran maranehanana geus nyolibkeun deui Putra Allah bari dihihina di hareupeun jalma rea.

⁷ Taneuh anu sering nyeuseup cihujan lantaran sering kahujanan, pepelakanana jaradi, nguntungkeun ka nu melakna, tandana diberkahan ku Allah.

⁸ Tapi lamun anu jaradi di eta tanah teh areuy-areuyan jeung cucuk-cucukan, geus tangtu taya mangpaatna, anu engkena bakal disapa ku Allah, tuluy diduruk nepi ka beak.

⁹ Dulur-dulur! Sanajan kecap-kecap sim kuring sakieu resagna, ari hate mah yakin aranjeun teh geus narampa rahmat anu pangajina leuwih, anu jadi sabagian tina kasalametan aranjeun.

¹⁰ Allah teh lain anu sok jalir. Mantenna moal lali ka anu geus dipigawe ku aranjeun, nya kitu deui kana kanyaah aranjeun ka Mantenna ku jalan nulungan ka dulur-dulur sakapercayaan, nepi ka ayeuna.

¹¹ Kacida diarep-arepna muga aranjeun pengkuh nepi ka cacapna, supaya hal anu keur diarep-arep ku aranjeun teh laksana katarima.

¹² Ulah mumulan, kudu nulad ka jelema-jelema anu geus narampa hal anu dijangjikeun ku Allah lantaran percaya, sarta nunggu-nunggu kalayan sabar.

¹³ Waktu Allah ngadamel perjangjian ka Ibrahim, nganggo sumpah yen bakal ngalaksanakeun jangji-Na. Ku sabab teu aya anu leuwih luhur ti Allah, sumpah-Na nyebat jenengan ku manten.

¹⁴ Dawuhana-Na, "Kami sumpah, maneh bakal diberkahan jeung dibere pirang-pirang turunan."

¹⁵ Ibrahim sabar ngantosan eta jangji. Ku sabab kitu eta jangji Allah teh dilaksanakeun ka anjeunna.

¹⁶ Jelema lamun sumpah, pikeun ngukuhkeun sumpahna teh bari nyebut demi si Anu, anu saluhureunana, supaya pacental-centalna eureun.

¹⁷ Allah ngaraos perlu mintonkeun kaestuana-Na ka sakur anu dipaparin jangji, pikeun nandakeun yen jangji-Na moal robah, eta sababna jangji-Na dikuatkeun ku sumpah.

¹⁸ Ku sabab kitu ieu dua hal teh, jangji jeung sumpah-Na, ngalantarankeun Mantenna moal kersa barobah, moal kersa jalir. Pikeun anu nyalindung ka Mantenna, sumpah Mantenna

teh jadi pamageuh pangharepanana yen jangji Mantenna tangtu dilaksanakeun.

¹⁹Eta pangharepan urang kitu teh lir jangkar anu nanceb jero, jadi pamageuh hirup urang nepi ka urang ngarasa aman. Eta jangkar pangharepan teh nembus reregan ka Kamar Pangscina di Bait Allah di sawarga.

²⁰Yesus geus lebet ka dinya heulaeun urang, pikeun urang, jadi Imam Agung urang salalanggengna, saperti Melkisidik.

7 ¹Melkisidik teh raja nagara Salem jeung jadi imam Allah Nu Maha Agung. Waktu Ibrahim mulih jurit tas ngelehkeun raja-raja, dipapagkeun ku Melkisidik jeung diberkahan.

²Ku Ibrahim dihaturan barang jarahan saperpuluhna. (Jenengan Melkisidik, kahiji hartina "Raja Kaadilan"; jeung ku sabab anjeunna raja ti nagara Salem, oge harti jenenganana teh "Raja Karapihan".)

³Hal ramana, ibuna, karuhun-karuhunna, teu aya keteranganana; hal dibabarkeunana, hal pupusna, oge teu aya keteranganana. Sarua halna jeung Putra Allah, sarta tetep jadi imam salalanggengna.

⁴Tembong tetela kumaha agungna Melkisidik, nepi ka ku Ibrahim, karuhun urang anu kamashur, dihaturan saperpuluh tina barang jarahan perang.

⁵Dina Kitab Hukum Agama aya katangtuan, imam-imam turunan Lewi kudu narik

perpuluhan pangasilan urang Israil,
dulur-dulurna keneh papada turunan Ibrahim.

⁶ Melkisidik lain turunan Lewi, tapi narima perpuluhan ti Ibrahim sarta ngaberkanan ka anjeunna, padahal Ibrahim teh jelema anu geus meunang jangji-jangji ti Allah.

⁷ Geus teu sak deui, anu ngaberkanan teh harkatna leuwih luhur ti batan anu diberkananana.

⁸ Imam-imam anu narik perpuluhan tea kabeh mahluk anu keuna ku ajal. Sabalikna, anu nampi perpuluhan ti Ibrahim, Melkisidik tea, tetep hirup. Kitu ditetelakeunana ku Kitab Suci.

⁹ Waktu Ibrahim ngahaturkeun perpuluhan ka Melkisidik, meunang oge disebutkeun, yen Lewi anu turunanana bakal narik perpuluhan ti urang Israil oge milu ngahaturkeun eta perpuluhan liwat Ibrahim.

¹⁰ Waktu Ibrahim dipapagkeun ku Melkisidik, Lewi tacan lahir, tapi sanajan kitu ge beunang disebutkeun geus aya di jero salira Ibrahim, karuhunna.

¹¹ Kitab Hukum Agama diturunkeunana ka urang Israil dina kaimaman Lewi. Kaimaman Lewi dijalankeunana henteu sampurna, ku sabab kitu kudu diganti ku imam ti golongan sejen, ti golongan Melkisidik, lain ti golongan Harun.

¹² Beda kaimaman tangtu beda deui aturanana.

¹³Anu dimaksud di dieu nya eta Gusti urang. Anjeunna ti kaom sejen. Ti kaom Anjeunna teu aya anu kungsi jadi imam.

¹⁴Geus teu aya nu bireuk deui, Gusti urang mah ti kaom Yuda, kaom anu dina hal kaimaman ku Musa henteu disabit-sabit.

¹⁵Hal ieu jadi leuwih eces sanggeus aya hiji imam sejen anu kawas Melkisidik,

¹⁶anu dijenengkeunana lain ku aturan manusa, tapi ku kanyataan hirup-Na anu kawasa jeung teu aya panganggeusanana.

¹⁷Sabab dina Kitab Suci disebut kieu, "Hidep jadi Imam langgeng, ti golongan Melkisidik."

¹⁸Ku sabab kitu aturan anu heubeul teh geus teu dipake, lantaran tetela teu aya dayana, teu aya gunana.

¹⁹Sabab taya sarupa hal anu bisa disampurnakeun ku Hukum Musa. Ayeuna geus aya gagantina, anu mere harepan anu leuwih mencrang, anu bakal ngadeukeutkeun urang ka Allah.

²⁰Jeung deui gagantina teh dikuatkeun ku sumpah Allah. Waktu imam-imam sejen diangkat, sumpah kitu henteu aya.

²¹Tapi waktu Yesus dijenengkeun jadi Imam, dikukuhkeun ku sumpah Allah, dawuhana-Na, "Pangeran sumpah, sumpah-Na moal barobah, Hidep jadi Imam langgeng."

²²Ku jalan kitu Yesus teh jadi tanggelan tina hiji perjangjian anu leuwih pangajina.

²³ Bedana deui, imam-imam sejen mah loba, ganti-ganti, taya anu terus lantaran kapegat ku ajal.

²⁴ Yesus mah jumeneng terus salalanggengna, kaimamana-Na teu diganti ku saha-saha.

²⁵ Ku lantaran kitu Yesus salawasna iasa nyalametkeun manusa anu datang ka Allah liwat Anjeunna, sabab Anjeunna, anu jumeneng salalanggengna bakal mangmundutkeun kasalametan manusa ka Allah.

²⁶ Nya Yesus Imam Agung anu dipikabutuh ku urang teh. Anjeunna mah suci, tanpa cela, tanpa dosa, geus dipisahkeun ti manusa anu dosa, sarta geus diangkat ka tempat luhureun sakabeh langit.

²⁷ Anjeunna teu cara imam-imam agung sejen anu kudu nyieun kurban pikeun nebus heula dosana sorangan terus nebus dosa jalma rea. Ngan sakali bae Yesus ngahaturkeun kurban teh, nya eta waktu ngurbankeun salira-Na ku anjeun.

²⁸ Imam agung anu diangkat nurutkeun katangtuan-katangtuan Hukum Musa, kabehanana oge henteu sampurna. Ari Putra Allah, anu diangkat beh dieueun Hukum eta, diangkatna jadi Imam Agung sanggeus dijadikeun sampurna keur salalanggengna, dikukuhkeun ku jangji Allah anu dikuatan ku sumpah Mantenna.

8 ¹Poko anu dicaritakeun bieu nya eta:
Urang boga Imam Agung, anu linggih
di tengeneun tahta Raja Nu Maha Luhur di
sawarga.

²Anjeunna nyepeng damel sakumaha Imam
Agung di Kamar Pangscina, di jero Kemah
Tepangan anu sajatina, anu diadegkeun ku
Allah ku manten, lain ku jelema.

³Sakumaha kamistian Imam Agung kudu
nyanggakeun pangbakti-pangbakti jeung
ngayakeun kurban sato ka Allah, Imam Agung
urang oge kitu, kudu aya anu ku Anjeunna
dihaturkeun.

⁴Keur jumenengna di dunya, Anjeunna
henteu jadi Imam, lantaran geus aya
imam-imam anu kawajibana nyanggakeun
pangbakti-pangbakti anu geus ditangtukeun
ku Hukum Agama urang Yahudi.

⁵Tapi kawajiban imam anu dijalankeun ku
maranehanana saenyana ngan tiruan jeung
kalangkang ti anu dijalankeun di sawarga,
sakumaha anu ku Allah diandikakeun ka
Musa waktu anjeunna dipiwarang ngadamel
Kemah Tepangan tea. Dawuhan Allah, "Inget!
Dijieunna kudu cocog jeung conto anu ku
Kami ditembongkeun ka maneh di luhur
gunung."

⁶Tapi kawajiban imam anu dijalankeun ku
Yesus mah leuwih luhur pangajina ti batan
kawajiban maranehanana, sabab perjangjian
anu ku Anjeunna diayakeun antara Allah

jeung umat-Na pangajina leuwih luhur, lantaran eusina ngajangjikeun hal-hal anu leuwih nyenangkeun.

⁷ Lamun dina perjangjian anu kahiji teu aya kakuranganana mah geus tangtu teu perlu aya perjangjian anu kadua.

⁸ Tapi Allah mendakan kasalahan ti umat-Na, nepi ka ngadawuh kieu, "Engke aya hiji mangsa, dawuhan Pangeran, Kami rek nyieun hiji perjangjian anu anyar, pikeun urang Israil jeung urang Yuda.

⁹ Eusina beda ti perjangjian Kami ka karuhun-karuhunna waktu Kami nungtun maranehanana budal ti Mesir. Maranehanana geus ingkar tina perjangjian Kami, ku Kami moal dipalire deui.

¹⁰ Ayeuna, kieu perjangjian Kami engke ka urang Israil di mana geus cunduk waktuna, dawuhan Pangeran. Hukum Kami sina ngenggon dina batinna, ditulis dina hatena. Kami nu jadi Allah maranehanana, maranehanana bakal jadi umat Kami.

¹¹ Teu perlu maranehanana ngajar ka sasama wargana, atawa mamatahan ka dulurna, Kudu nyaho ka Allah. Sabab kabeh, gede, leutik, bakal warawuheun ka Kami.

¹² Dosa-dosana bakal dihampura, sagala kasalahanana moal diinget-inget deui."

¹³ Ku sabab Allah geus ngedalkeun jangji nu anyar, jangji nu ti heula ku Mantenna

dianggap geus buruk; sagala rupa anu geus buruk bakal tereh euweuh.

9 ¹Perjangjian anu kahiji ngabogaan aturan-aturan ibadah, jadi kudu aya tempat ibadah anu dijieun ku manusa.

²Seug nyieun kemah, anu bagian hareupna disebut Tempat Suci. Di dinya aya suku lampu jeung meja anu diteundeunan roti haturkeuneun ka Allah.

³Tukangeun reregan anu kadua aya rohangsan anu disebut Kamar Pangscina.

⁴Di eta rohangsan aya altar emas paranti ngukus seuseungitan, aya Peti Perjangjian anu dilapis ku emas tempat nyimpen: buli-buli emas anu dieusi manna, teteken Harun anu geus sirungan, jeung dua papan batu anu ditulisan sapuluh parentah Allah.

⁵Di luhur eta peti aya tiruan dua mukarabin, nya eta mahluk jangjangan, pikeun ngalambangkeun kahadiran Allah, jangjangna sina meber mayungan tempat paranti ngahampura dosa. Sakitu bae keteranganana, moal diwincik terus.

⁶Kitu diaturna eta tempat teh. Saban poe imam-imam arasup ka eta kemah, tapi ngan nepi ka bagian hareupna, netepan kawajibana.

⁷Anu meunang asup ka bagian pangjerona ngan Imam Agung, eta ge ngan sataun sakali. Asupna mawa getih sanggakeuneun ka Allah,

pikeun nebus dosana heula terus nebus dosa jalma rea anu dilampahkeun teu karasa.

⁸Maksud Roh Suci ngatur kitu teh ngajar, supaya jalma-jalma tarerang yen salila kemah bagian luar aya keneh, Kamar Pangscina moal waka dibuka.

⁹Ieu ngagambarkeun kaayaan jaman ayeuna. Tegesna, sagala pangbakti jeung kurban-kurban sato teh henteu bisa dipake nyampurnakeun hate jelema anu ngabaktina,

¹⁰sabab anu dibaktikeunana ngan rupaning kadaharan, inuman jeung rupa-rupa upacara nyucikeun. Eta kabeh ngan aturan-aturan lahir, lakuna ngan nepi ka datangna waktu Allah ngayakeun parobahan anyar.

¹¹Tapi Kristus geus sumping, jadi Imam Agung tina hal-hal anu hade, tur eta anu harade teh geus aya. Kemah tempat Anjeunna netepan kawajiban leuwih agung, leuwih sampurna, lain beunang nyieun manusa, lain ti ieu dunya nu beunang nyipta.

¹²Kristus lebetna ka Kamar Pangscina ngan sakali tapi pikeun salilana. Waktu lebet henteu nyandak getih embe jalu atawa getih anak sapi haturkeuneun ka Allah. Anu dicandak-Na getih salira-Na ku anjeun, anu ngalantarankeun urang bisa disalametkeun keur salalanggengna.

¹³Getih embe, getih sapi jalu jeung lebu anak sapi anu dijieun kurban beuleuman, dikepret-kepretkeun ka jelema anu ceuk

aturan agama jelema kotor, supaya kokotor dirina leungit beresih.

¹⁴ Lamun getih jeung lebu sato tea bisa ngaberesihkeun kokotor diri manusa, geus komo deui getih Kristus! Ku jalan Roh anu langgeng Kristus ngurbankeun salira-Na ku anjeun ka Allah, jadi kurban anu sampurna. Getih Anjeunna ngaberesihkeun batin urang tina hal-hal anu taya mangpaatna, nepi ka urang bisa ngabakti ka Allah anu jumeneng.

¹⁵ Ku hal eta, Allah ku jalan Kristus ngadamel perjangjian anu anyar, supaya sakur anu geus disaur ku Mantenna bisa nampa berkah-berkah langgeng beunang nyayagikeun Mantenna. Pang bisa kitu lantaran aya nu geus ngurbankeun nyawa nya eta Kristus, nu matak manusa bisa leupas tina kasalahan-kasalahanana anu dipigawe dina jaman perjangjian nu kahiji.

¹⁶ Dina hal surat warisan kudu sidik heula yen anu nyieunna geus maot.

¹⁷ Sabab sapanjang nu nyieunna hirup keneh mah surat warisanana tacan laku, lakuna lamun nu nyieunna geus maot.

¹⁸ Eta sababna perjangjian Allah nu kahiji oge kudu disahkeun ku getih.

¹⁹ Prakna kieu: Mimitina Musa nerangkeun heula sakabeh parentah Allah nu aya dina Kitab Hukum Agama. Geus kitu nyandak getih anak sapi jeung getih embe jalu dicampur cai, dikepret-kepretkeun kana Kitab Hukum jeung

ka sakabeh urang Israil. Ngepretkeunana make jukut hisop jeung bulu domba beunang ngabeureuman,

²⁰ bari saurna, "Ieu getih dipake ngukuhkeun perjangjian Allah anu kudu ditarurut ku maraneh."

²¹ Eta getih dikepretkeun oge kana Kemah Tepangan jeung kana sakabeh parabot ngabakti, prakna kitu keneh.

²² Memang, nurutkeun Hukum Agama Yahudi, meh sagala rupa disucikeun ku getih, dosa oge bisa dihampura lamun geus aya getih anu ngocor kaluar.

²³ Kitu petana nyucikeun barang-barang anu ngalambangkeun hal-hal anu di sawarga. Ngan ari hal-hal anu di sawarga mah perlu ku kurban anu leuwih utama.

²⁴ Kristus henteu lebet ka Kamar Pangscina anu dijieun ku jelema, anu ngan jadi lambang ti anu sajatina. Kristus mah lebet ka sawarga pisan, ngadeuheus ka Allah jadi wawakil urang.

²⁵ Imam Agung urang Yahudi saban taun kudu asup ka Kamar Pangscina di Bait Allah mawa getih sato. Ari Kristus mah henteu kitu, jeung henteu nepi ka sababaraha kali ngurbankeun deui salira-Na,

²⁶ sabab lamun kitu, atuh ti sajleg aya dunya teh tangtu geus kacida seringna nandang kasangsaraan. Kapan geus bukti ayeuna, dina jaman ieu anu tereh beak, Anjeunna

sumpingna teh ngan sakali jeung keur salalanggengna, nyingkirkeun dosa ku jalan ngurbankeun salira-Na ku anjeun.

²⁷ Saban jelema kudu maot ngan sakali, tuluy dibawa ka pangadilan Allah.

²⁸ Kristus oge kitu, ngan sakali pupus, ngurbankeun salira-Na pikeun nebus dosa-dosa manusa. Anjeunna bakal sumping deui kadua kalina, lain rek nanggung deui dosa, tapi rek nyalametkeun jelema-jelema anu keur ngadarago sumping-Na.

10¹ Aturan-aturan anu diparentahkeun ku Hukum Agama urang Yahudi ngan jadi gambar anu samar-samar tina hal-hal anu harade nu bakal datang, lain anu saenyana tina hal eta. Saban taun kurban deui, kurban deui, teu eureun-eureun, nu dikurbankeunana kitu-kitu keneh. Jadi eta kurban-kurban anu diparentahkeun ku Hukum Agama teh kumaha rek bisa nyampurnakeun manusa anu datang rek ngabakti ka Allah?

² Upama enya eta anu ngabarakti teh dosana geus disucikeun, piraku terus bae ngarasa dosa, ngurbanna tangtu areureun.

³ Pang ngayakeun kurban saban-saban taun oge pikeun ngelingan yen maranehanana darosa.

⁴ Sabab memang getih sapi jeung getih embe jalu moal bisa dipake ngaleungitkeun dosa.

⁵Eta sababna waktu Kristus rek lebet ka ieu dunya unjukan ka Allah: "Ama henteu mikahoyong kurban-kurban sareng pangbakti-pangbakti. Anu dipundut nya diri Putra pribadi.

⁶Ama henteu seneng dihaturanan kurban sato anu dibeuleum dina altar atanapi kurban-kurban panebus dosa.

⁷Ieu piunjuk Putra, Sumangga, Abdi sumeja ngestokeun timbalan, nun Allah, sakumaha anu diserat perkawis Abdi dina Kitab Suci."

⁸Dina eta piunjuk, Kristus mimitina nyaurkeun, "Ama henteu mikahoyong kurban-kurban sareng pangbakti-pangbakti; henteu seneng dihaturanan kurban sato anu dibeuleum dina altar atanapi kurban-kurban panebus dosa." Kitu piunjuk-Na sanajan eta kurban-kurban anu dihaturkeun teh dikudukeun dina Kitab Hukum Agama.

⁹Sanggeus eta, kieu piunjuk-Na deui, "Sumangga, Abdi sumeja ngestokeun timbalan, nun Allah." Ku karana eta, kurban-kurban anu heubeul teh ku Allah dileungitkeun, diganti ku kurban Kristus.

¹⁰Yesus Kristus geus ngajalankeun hal anu dipundut ku Allah, ku sabab kitu urang kabeh geus diberesihkeun tina dosa ku jalan kurban salira Kristus ku anjeun, anu dijalankeunana ngan sakali pikeun salalanggengna.

¹¹Sakur imam Yahudi netepan kawajiban imamna unggal-unggal poe, ngurban deui,

ngurban deui, nu dikurbankeunana kitu-kitu keneh. Kurban-kurbanna sama sakali teu bisa dipake ngaleungitkeun dosa.

¹²Tapi Kristus mah ngajalankeun kurbanna ngan sakali, kurban pamupus dosa, kurbanna laku pikeun salalawasna. Sanggeus ngajalankeun kurban Anjeunna linggih di tengeneun Allah,

¹³sarta ayeuna keur ngantos lawan-lawan anu ku Allah bakal diserenkeun ka Anjeunna baris dijadikeun jojodog sampeana-Na.

¹⁴Jadi Anjeunna mah ngan ku hiji kurban geus iasa nyampurnakeun manusa anu geus diberesihkeun tina dosa, keur salalanggengna.

¹⁵Tina hal eta Roh Suci ge geus mere panyaksi, kieu saur-Na mimitina,

¹⁶"Kieu perjangjian Kami engke ka maranehna di mana geus cunduk waktuna, dawuhan Pangeran. Hukum Kami sina ngancik dina batinna, ditulis dina hatena."

¹⁷Saur-Na deui, "Dosa jeung kadorakaan-kadorakaanana ku Kami moal diinget-inget deui."

¹⁸Ku sabab geus dihampura, geus teu perlu ngayakeun deui kurban panebus dosa.

¹⁹Jadi, dulur-dulur, ku jalan Kristus pupus urang ayeuna meunang asup ka Kamar Pangscina.

²⁰Urang ku Anjeunna geus dipangmukakeun hiji jalan anu brasna kana hirup, jalan anu

nembus reregan Kamar Pangscina nya eta salira Kristus ku anjeun.

²¹ Urang boga hiji Imam Agung anu ngapalaan gedong Allah.

²² Ku sabab eta hayu urang sing deukeut ka Allah reujeung hate anu iklas, iman nu yakin, batin anu geus dikosongkeun tina rasa salah, jeung raga anu geus diberesihan ku cai anu ngagenclang.

²³ Sing tigin kana pangharepan anu ku urang geus diaku, sing percaya Allah teh tigin nyepeng jangji-Na.

²⁴ Sing silih titenan, silih ajak nyieun kahadean jeung nembongkeun kanyaah.

²⁵ Ulah bosen-bosen kumpulan, ulah cara anu lian. Sabalikna anggur sing silih gedekeun hate, sabab Poe pisumpingeunana Gusti geus beuki deukeut.

²⁶ Sabab lamun urang geus dibere jalan anu bener tapi angger ngahajakeun dosa, geus moal aya deui kurban anu bisa mupus dosa.

²⁷ Tinggal ngadago pitemaheunana nya eta Pangadilan anu pikasieuneun, jeung hurungna seuneu bendu Allah anu bakal ngahuru beak sakur anu ngalawan ka Mantenna!

²⁸ Anu ngalanggar aturan-aturan Hukum Musa, sanggeus bukti kasalahanana sarta kasaksian ku duaan atawa tiluan, teu dibere ampun, dipaehan.

²⁹ Geus komo deui anu ngahinakeun ka Putra Allah, anu ngarerendah getih perjangjian

Allah nya eta getih Kristus anu nyucikeun dirina tina dosa, anu ngahina ka Roh anu maparin rahmat! Pek gambarkeun, kumaha beurathna hukuman anu baris katampa!

³⁰ Sabab urang apal ka anu ngandika, "Kami moal teu ngabales, moal teu naur!"; jeung oge ka nu ngandika, "Pangeran bakal ngahakiman umat-Na."

³¹ Pikumahaeun teuing jelema anu dicerek ku panangan Allah anu jumeneng!

³² Sing aringet kana kaayaan aranjeun bareto. Harita, sanggeus aranjeun dicaangan ku caang ti Allah sanajan sering ngalakonan kasangsaraan teu burung tarabah.

³³ Kadang kala aranjeun dihihina jeung diteungteuinganan di hareupeun jalma rea, aya kalana deui aranjeun milu ngarasa prihatin ka batur anu oge dikitu-kitu,

³⁴ milu ngarasa sangsarana jelema-jelema anu dipanjara. Jeung waktu sagala pangaboga aranjeun aya anu ngarampas, aranjeun teu ngarasa owel lantaran ngarasa boga keneh hal anu leuwih gede pangajina, anu bakal kapiboga salalanggengna.

³⁵ Anu matak ulah pegat pangharepan, sabab lamun aranjeun tetep iman gede ganjaranana.

³⁶ Sing salabar, supaya bisa ngalakonan pangersa Allah sarta nampa ganjaran anu geus dijangjikeun ku Mantenna.

³⁷ Sabab dina Kitab Suci aya ungel kieu, "Moal lila deui ge, Anjeunna tangtu sumping, geus meh sumping; Anjeunna moal talangke.

³⁸ Umat Kami nu balener tangtu palercaya, nu matak bakal harirup; tapi ka nu undur, lamun aya, Kami teu suka."

³⁹ Sageuy urang kaasup anu undur jeung sasab. Urang mah kapan percaya, tangtu disalametkeun.

11 ¹ Percaya hartina yakin enya-enya kana hal anu keur diarep-arep, ngarasa pasti kana ayana hal anu henteu katembong ku panon lahir.

² Jelema-jelema jaman baheula loba anu dipikasuka ku Allah, lantaran kapercayaanana.

³ Ku karana percaya, urang jadi ngarti yen jagat raya teh dijadikeunana ku pangandika Allah, yen sakur anu bisa katenjo teh dijadikeunana tina anu henteu katenjo.

⁴ Ku karana percaya, Habil ka Allah nyanggakeun kurban anu leuwih utama ti batan kurban Kain. Ku karana percaya Habil ku Allah diangken jelema hade, buktina kurbanna ditampi. Ku karana kapercayaanana, sanajan enggeus perlaya Habil masih nyoara.

⁵ Ku karana percaya, Hanok henteu kungsi maot heula, diangkat hirup-hirup ka Allah, taya nu manggihan deui lantaran ku Allah geus diangkat. Dicaritakeun dina Kitab

Suci yen samemeh diangkat Hanok teh dipikaseneng ku Allah.

⁶Taya saurang-urang acan jelema anu dipikaseneng ku Allah teu karana kapercayaanana. Sabab saha-saha anu datang ka Allah kudu percaya yen Allah teh aya, kudu percaya yen Allah tangtu ngaganjar ka jelema anu neangan Mantenna.

⁷Ku karana percaya, Enoch tumut kana bewara Allah ngeunaan hal nu bakal datang, nu ku anjeunna tacan katingali. Tumut kana timbalan Allah Enoch ngadamel kapal, ngalantarankeun anjeunna sakulawargi salamet. Dunya ieu dihukum, tapi Enoch mah ku Allah diangken jelema bener, lantaran percaya.

⁸Ku karana percaya, Ibrahim tumut ka Allah, waktu anjeunna disaur dipiwarang ngajugjug tempat anu dijangjikeun ku Allah bakal dipaparinkeun ka anjeunna. Anjeunna ngantunkeun nagrina bari teu uninga kudu ngajugjug ka mana.

⁹Ku karana percaya, anjeunna sadrah jadi urang asing di nagri anu ku Allah dijangjikeun tea. Anjeunna cicingna di kemah. Nya kitu keneh Ishak jeung Yakub, anu sarua meunang jangji saperti kitu ti Allah.

¹⁰Eta teh lantaran Ibrahim keur ngadago-dago kota anu dirancang jeung diadegkeun ku Allah dina pademen anu kaayaanana tetep.

¹¹ Ku karana percaya, Ibrahim jadi kagungan putra, sanajan geus kacida sepuhna tur Sarah gabug. Anjeunna percaya Allah bakal ngalaksanakeun jangji-Na.

¹² Ibrahim sanajan geus kacida sepuhna, tapi ti anjeunna saurang gumelar pirang-pirang turunan, lobana saperti bentang di langit, saperti keusik di basisir.

¹³ Jelema-jelema anu kacatur bieu tetep percaya nepi ka parupusna. Aranjeunna memang teu kungsi ningali bukti tina jangji Allah tea. Tapi hal eta ku aranjeunna geus kasawang sarta dipercaya. Aranjeunna rumasa di dunya ukur ngumbara.

¹⁴ Sakur anu rumasa kitu kawas aranjeunna, nandakeun keur neangan tempat pikeun lemah caina sorangan.

¹⁵ Anu dipikir ku aranjeunna lain lemah cai anu geus ditinggalkeun. Sabab lamun anu dipikirna lemah cai asalna mah, bisa bae aranjeunna marulang deui.

¹⁶ Anu dipikirna teh lemah cai anu leuwih pikasenangeun, lemah cai di sawarga. Ku sabab kitu Allah henteu ngaraos lingsem dipi-Allah ku aranjeunna, sabab Allah geus nyadiakeun tempat pikeun aranjeunna.

¹⁷ Ku karana percaya, Ibrahim sadrah waktu didoja ku Allah kudu meuncit Ishak putrana dijieun kurban. Sanajan Allah ka Ibrahim geus maparin jangji tea, tapi Ibrahim sadrah masrahkeun putra anu ngan hiji-hijina.

¹⁸Kapan jangji Allah ka Ibrahim teh kieu, "Turunan maneh anu dijangjikeun ku Kami teh bakal rundayna ti Ishak."

¹⁹Ibrahim yakin Allah kawasa ngahirupkeun deui Ishak sanajan geus maot, tur enya Ishak teh sasat beunang deui tina ajal.

²⁰Ku karana percaya, Ishak ka Yakub jeung Esau ngucapkeun berkah nu bakal kasorang jaga.

²¹Ku karana percaya, Yakub samemeh pupus ngaberkahan putra-putra Yusup. Anjeunna neneda ka Allah bari nguat-nguat anjeun neueul kana tetekenna.

²²Ku karana percaya, Yusup samemeh pupus nyarioskeun sawanganana yen bangsa Israil bakal budal ti Mesir, sarta maparin amanat hal ngurus tulang-taleng anjeunna.

²³Ku karana percaya, ibu ramana Musa nyumputkeun Musa nepi ka tilu bulan ti barang dilahirkeun. Demi putrana nu kasep, aranjeunna teu sieuneun ngalawan parentah raja.

²⁴Ku karana percaya, Musa sanggeus cukup yuswa teu kersaeun disebut putrana putri raja Mesir.

²⁵Ti batan hirup dina kagenahan dosa anu umurna moal awet, Musa malah milih hirup sangsara babarengan jeung umat Allah.

²⁶Ti batan kagungan harta banda sanagara Mesir, Musa ngaraos leuwih utama keneh nandangan panghina ku karana Kristus, Raja

salam, sabab anu dipiharep ku anjeunna mah ganjaran nu bakal datang.

²⁷ Ku karana percaya, Musa ngantunkeun Mesir, teu hariwang ku angkara murkana raja. Lir anu geus ningali ka Allah nu sipat gaib, Musa teu kersaeun mulih deui ka Mesir.

²⁸ Ku karana percaya, anjeunna ngayakeun "Paska", sarta marentahkeun supaya panto-panto urang Israil diolesan getih, supaya nyawa cikal-cikal urang Israil ulah nepi ka dicabut ku Malaikat Maot.

²⁹ Ku karana percaya, urang Israil bisa meuntasan Laut Beureum kawas leumpang di darat bae, ari urang Mesir anu ngarudag mah teu barisaeun, malah tingkerelep titeuleum.

³⁰ Ku karana percaya, urang Israil ngurilingan kuta-kuta Yeriho tujuh poe lilana, nepi ka eta kuta-kuta raruntuh.

³¹ Ku karana percaya, Rahab, wanita tukang lacur, henteu milu katumpes jeung jelema-jelema anu henteu palercaya ka Allah, lantaran geus mere budi hade ka mata-mata urang Israil.

³² Rek diteruskeun? Teu aya deui waktuna; tacan nyaritakeun Gidion, Barak, Simson, Yepta, Daud, Samuel, jeung nabi-nabi.

³³ Ku karana percaya, aranjeunna geus bisa ngelehkeun karajaan-karajaan. Aranjeunna ngajalankeun hal anu bener, anu matak nampa hal anu dijangjikeun ku Allah. Aranjeunna ngonci sungut singa,

³⁴ mareumkeun seuneu anu keur ngamuk, luput tina kasambut ku pedang musuh. Aranjeunna lemah tapi jadi kuat, perangna garagah, mampuh ngagempur musuh nepi ka musuhna eleh.

³⁵ Ku karana percaya, wanita-wanita barisa papanggih deui jeung sanak kulawargana anu sasatna geus tariwas. Aya anu milih kajeun pejah disasaak, nolak dibebaskeun, lantaran ngaharep dihirupkeun deui engke, kana kahirupan anu leuwih pikasenangeun.

³⁶ Aya anu dihihina, dirangketan ku cameti, ditarogod ku rante tuluy diasupkeun ka panjara.

³⁷ Aya anu dibaledogan ku batu nepi ka tiwas, aya anu awakna dibeulah dua ku ragaji, aya anu diteukteuk ku pedang. Aya anu kajeun teuing utrak-atrok jeung marake kulit domba atawa kulit embe, balangsak, dikaniaya, diteungteuinganan.

³⁸ Dunya ieu henteu layak keur aranjeunna! Kawas kaum pangungsi, kadungsang-dungsang di gurun keusik, di pasir-pasir, hirupna di guha-guha atawa dina gorowong-gorowong taneuh.

³⁹ Aranjeunna kuat nandangan eta sakabeh ku karana percaya! Tapi aranjeunna henteu kungsi nampa hal anu dijangjikeun ku Allah tea,

⁴⁰ sabab Allah geus nyayagikeun anu leuwih utama pikeun urang. Maksad Allah,

aranjeunna bisa disampurnakeun ngan lamun enggeus ngahiji jeung urang.

12¹ Jadi urang teh disaksian ku anu sakitu lobana di sakurilingeun urang. Anu matak hayu sakur anu matak beurat jeung dosa anu napel pageuh dina diri urang teh urang piceun, supaya bisa nempuh pangbalapan nu keur dilakonan.

²Puseurkeun paneuteup ka Yesus, tempat ngagantungkeun pangharepan urang ti awal nepi ka ahir. Anjeunna kuat nandangan panyiksa salib, henteu jejerih, henteu malire kana hinana anu maot disalib, lantaran emut kana kabagjaan nu bakal datang. Ayeuna Anjeunna geus linggih di tengeneun tahta Allah.

³Pek wangwang, kumaha beuratna Anjeunna nandangan kagiruk jelema-jelema anu daroraka! Anu matak aranjeun ulah leutik hate, ulah nepi ka pegat pangharepan.

⁴Aranjeun mah tarung jeung dosa teh teu nepi ka ngocorkeun getih.

⁵Sageuy geus paroho kana pepeling Allah anu mepelingan aranjeun kawas ka putra-putra-Na! Pepeling-Na, "Anaking, regepkeun pepeling Pangeran, ulah nyungkelit lamun diseukseukan.

⁶Anu ku Pangeran dipeperih tanda diasih, anu ku Mantenna diwarah tanda diangken putra."

⁷ Sing sabar narima pameperih-Na anu teu beda ti pameperih hiji bapa, tanda Mantenna ngangken putra. Bapa mana anu tara meperih anakna?

⁸ Lamun aranjeun henteu dipeperih sakumaha layakna nu jadi putra-Na, tanda aranjeun lain putra-Na anu sah.

⁹ Ku bapa anu di dunya urang sok dipeperih, urang ngajenan ka anjeunna. Atuh komo ka Rama rohani, urang kudu leuwih ajrih supaya hirup!

¹⁰ Bapa urang nu di dunya, meperihna aya wates waktuna, anu meujeuhna ceuk timbanganana. Allah meperihna teh keur pibagjaeun urang, supaya urang bisa milu kana kasucion Mantenna.

¹¹ Memang keur dipeperih mah asa nalangsa, boro-boro bungah. Tapi sanggeusna, lamun urang tawekal nandanganana, tangtu karasa bagja jeung jamugana.

¹² Pentang-pentangkeun leungeun anu geus leuseuh, jagjagkeun tuur anu nyorocod,

¹³ leumpang salawasna kudu di jalan lempeng, supaya suku anu geus pincang ulah nepi ka tipalitek, malah sing jadi cageur.

¹⁴ Sing akur jeung pada batur, kudu dialajar hirup suci, sabab lamun teu kitu pamohalan bisa patenjo jeung Gusti.

¹⁵ Jaga, ulah nepi ka aya anu kaluar deui tina sih kurnia Allah. Jeung ulah aya anu ngajadi saperti tutuwuhan pait ngandung racun, sarta

racunna ngadatangkeun karuksakan jeung kasusahan ka sarerea.

¹⁶ Ulah aya nu kawas Esau, rucah jeung teu make agama, nepi ka hak cikalna ditukeurkeun kana dahareun sakalieun.

¹⁷ Sakumaha aranjeun ge terang, waktu manehna menta berkah, nepi ka ngurihit bari ceurik lantaran kaduhung ku kalakuanana, ku Ishak teu dikabulkeun lantaran hakna geus leungit.

¹⁸ Aranjeun henteu ngalaman kasieun anu kaalaman ku urang Israil baheula. Maranehna daratang nyanghareupan Gunung Sinai anu keur hurung ku seuneu, nyanghareupan poek, angkeub, angin ribut,

¹⁹ sora tarompet, jeung sora hiji soara anu ucapanana geueuman. Urang Israil nepi ka sasambat supaya eta soara eureun,

²⁰ sabab maranehanana teu tahan ngadengekeun parentah nu ditepikeun ku eta soara. Ungel eta soara, "Anu nincak kana ieu gunung, najan sato kudu dibaledogan ku batu nepi ka paeh."

²¹ Tetenjoan anu kacida pikasieuneunana, Musa oge nepi ka ngalahir, "Kami ngadegdeg, sieun!"

²² Aranjeun mah sabalikna, daratang teh ka Gunung Sion jeung ka kota Allah anu jumeneng, nya eta Yerusalem sawarga reujeung mangrebu-rebu malaikatna.

²³ Aranjeun mah daratang teh ka nu pikabungaheun, tempat kumpulna putra-putra cikal Allah, anu ngaran-ngaranna geus didaptar di sawarga. Aranjeun geus daratang ka Allah, Hakim sakumna manusa.

²⁴ Aranjeun mah nyanghareupan roh-roh jelema-jelema harade anu geus disampurnakeun. Aranjeun geus daratang ka Yesus anu geus ngayakeun perjangjian anu anyar. Aranjeun geus narenjo getih anu dipake ngepretan, anu ngajangjikeun hal anu leuwih pikasenangeun, getih anu leuwih utama ti batan getih Habil.

²⁵ Jadi sing ati-ati, ulah nepi ka arembung ngadenge pilahir-Na. Geuning anu arembung ngadenge ka anu ngembarkeun amanat Allah di bumi teu barisa luput tina hukuman. Komo deui lamun arembung ngadenge ka anu ngalahir di sawarga! Leuwih pamohalan bisa luput!

²⁶ Harita gentra-Na ngagenjlongkeun ieu bumi. Tapi gentra-Na ayeuna mah, "Sakali deui ku Kami rek digenjlongkeun, lain bumi bae, sakalian jeung langit."

²⁷ Ungel "Sakali deui" nuduhkeun yen sagala nu geus aya bakal digenjlongkeun jeung disingkirkeun, nu tinggal ngan anu henteu bisa genjlong.

²⁸ Ku sabab eta urang kudu muji sukur, lantaran anu katarima ku urang mah hiji karajaan anu moal bisa digenjlongkeun. Puji

sukur ka Allah, jeung hayu urang ngabakti ka Mantenna reujeung hormat sarta ajrih, sing matak suka kana manah-Na,

²⁹ sabab Allah urang teh lir seuneu anu ngabasmi.

13¹ Teruskeun silih pikanyaah, sakumaha layakna urang Kristen.

² Kudu akuan ka anu datang ka imah urang. Aya sawatara jelema, ku lantaran akuan kungsi ngaku semah, teu nyahoeun yen semahna teh malaikat.

³ Sing aringet ka nu araya di jero panjara, lir aranjeun sorangan ge milu dipanjara. Sing aringet ka nu balangsak, lir diri sorangan oge balangsak.

⁴ Ajenan perkawinan, laki rabi sing pada-pada satia. Anu nyelewer atawa jinah tangtu dihukum ku Allah.

⁵ Kana duit ulah nepi ka kaedanan, tarimakeun milik anu geus aya. Sabab dawuhan Allah, "Maneh ku Kami moal nepi ka teu dipalire, moal ditinggalkeun."

⁶ Ku sabab kitu urang werat ngucap kieu, "Pangeran Panulung kuring, kuring moal salempang. Rek bisa naon manusa ka diri kuring?"

⁷ Sing aringet ka anu geus narungtun jeung nepikeun amanat Allah ka aranjeun. Eling-eling deui kumaha jalan hirupna, kumaha jalan pupusna, pake conto iman aranjeunna.

⁸ Yesus Kristus mah tetep teu barobah, bareto, ayeuna, pageto.

⁹ Poma ulah kapangaruhan ku pangajaran-pangajaran sejen anu bisa nyimpangkeun ti jalan anu bener. Kuatkeun jiwa aranjeun ku sih kurnia ti Allah, ulah ku jalan nedunan aturan-aturan perkara kadaharan. Anu ngaralakonan aturan-aturan kitu geuning teu meunang mangpaat naon-naon.

¹⁰ Imam-imam anu naretepan kawajiban di tempat ibadahna urang Yahudi teu meunang ngadahar daging kurban tina altar pangurbanan.

¹¹ Getih sato anu dikurbankeun ku Imam Agung dicandak ka Kamar Pangscina, kurbankeuneun pikeun nebus dosa, ari awak satona dibeuleum di luareun pakemahan.

¹² Eta sababna Yesus oge ditelasanana di luareun kota, getih Anjeunna nyucikeun umat-Na tina dosana.

¹³ Anu matak hayu urang ka Anjeunna di luareun Kemah, supaya urang oge dihina bareng jeung Anjeunna.

¹⁴ Sabab pamatuhan maneuh urang mah lain di bumi ieu; tempat urang mah sungsieun keneh pikeun jaga.

¹⁵ Jadi urang ku jalan Yesus salawasna kudu muji ka Allah, minangka kurban urang, nya eta lisan biwir anu ngaku yen Mantenna teh Pangeran.

¹⁶ Ulah poho kana nyieun kahadean jeung silih pikanyaah. Lampah kitu teh kurban-kurban anu kacida sapukna jeung manah Allah.

¹⁷ Ka nu jaradi pamingpin kudu narurut, jalankeun sagala aturanana. Aranjeunna teu kendat-kendat nalingakeun kasalametan jiwa aranjeun, tur sagala kawajibana teh aya tanggung jawabna ka Allah. Tarurut, supaya ngajalankeun kawajibana teh reujeung janglar hate, sabab ari jeung bari nguluwut mah tangtu moal bisaeun nulung ka aranjeun.

¹⁸ Ulah pegat-pegat ngadoakeun sim kuring. Sing percaya, tekad sim kuring teh ceuk rarasaan mah beresih. Nu dipambrih taya deui salian ti hayang salawasna bisa ngalampahkeun anu bener.

¹⁹ Pangpangna doakeun mugi-mugi sim kuring ku Allah diparengkeun bisa tereh-tereh datang deui ka aranjeun.

²⁰ Yesus, Gusti urang, ku Allah geus digugahkeun, hirup deui. Ku lantaran geus nyorang pupus, ayeuna Anjeunna jadi lir pangangon, Pangangon Agung urang, ari urang lir domba-domba-Na. Sarta ku jalan pupusna Anjeunna geus ngukuhkeun jeung ngalanggengkeun eusi perjangjian Allah.

²¹ Mugia Allah sumber kabagjaan maparin berkah ka aranjeun, supaya aranjeun bisa ngalakonan pangersa-Na. Mugia ku karana Yesus Kristus, Allah nuyun urang

supaya urang bisa ngalampahkeun anu sapuk jeung manah-Na. Agungkeun Kristus salalanggengna! Amin.

²²Mugi sing salabar maca ieu pepeling sim kuring, da ieu surat teh henteu sabaraha panjangna.

²³Sakalian sim kuring ngabejaan, Timoteus dulur urang geus kaluar ti panjara. Sadatangna ku sim kuring rek diajak nepungan aranjeun.

²⁴Salam sim kuring ka para pamingpin aranjeun, kitu deui ka sakumna umat Allah di dieu. Salam deui ti dulur-dulur urang di Itali.

²⁵Mugi-mugi sih kurnia Allah nyarengan ka aranjeun.

Yakobus

1 ¹ Sim kuring Yakobus, abdi Allah, abdi Gusti Yesus Kristus. Hatur salamet ka sakumna umat Allah anu sumebar di saalam dunya.

² Dulur-dulur, upama aranjeun meunang rupa-rupa gogoda, anggap eta saperti meunang rahmat bae,

³ sabab aranjeun tarerang, yen lamun aranjeun tetep palercaya ka Gusti dina sajeroning nandangan cocoba, aranjeun bakal leuwih tabah sarta mantep dina iman.

⁴ Sing tetep mantepna, ulah boboleh teu payaan, supaya jadi jelema pasagi dina sagala hal taya kakuranganana.

⁵ Tapi lamun di antara aranjeun aya anu kurang bijaksana, kudu nyuhunkeun ka Allah supaya dipaparin kabijaksanaan, da Allah mah sipat murah jeung welas asih.

⁶ Ngan nyuhunkeunana kudu jeung percaya, ulah mangmang. Sabab anu mangmang mah saibarat ombak laut beunang disurung diombang-ambing ku angin.

⁷ (1: 7-8) Jelema kitu hatena midua bae, sikepna taya katangtuanana, jadi ulah ngarepkeun meunang naon-naon ti Pangeran.

⁸ (1: 7)

⁹Urang Kristen anu miskin kudu muji sukur lamun ku Pangeran dikersakeun menyat.

¹⁰Urang Kristen anu beunghar kudu muji sukur lamun ku Pangeran dikersakeun nyirorot. Sabab nu beunghar teh bakal euweuh cara kembang jukut.

¹¹Sabab nu beunghar teh bisa tijuralit dina usahana, saibarat jukut keur kembangan di tegal kasorot ku panasna panonpoe, ngadadak perang, kembangna murudul, leungit kaendahanana.

¹²Salamet jelema anu tabah ku gogoda, sabab sanggeusna tamat nahan eta gogoda, manehna bakal nampa ganjaran nya eta hirup anu sajati sakumaha jangji Allah ka sakur anu nyaah ka Mantenna.

¹³Jelema ari keur meunang gogoda ulah ngarasula, "Ieu cocoba teh ti Allah." Sabab Allah mah moal kagoda ku kajahatan, jeung tara ngadoja ka sing saha bae.

¹⁴Jalma beunang kagoda teh lantaran kapincut ku napsuna sorangan.

¹⁵Hawa napsu anu dijujur ngabalukarkeun dosa; lamun dosa geus meujeuhna gedena, bakal ngabalukarkeun maot.

¹⁶Aranjeun ulah nepi ka katipu, dulur-dulur nu kaasih!

¹⁷Anu ti sawarga mah kabeh oge kurnia jeung berkah anu hade jeung sampurna, paparin ti Allah anu ngayakeun caang di

langit, Allah nu teu owah gingsir, sarta lain
anu jadi lantaran poek kana naon bae.

¹⁸Ku pangersa-Na ku manten Allah
ngagelarkeun urang ku sabda-Na anu
sayakti, supaya ti antara sakabeh mahluk
dadamelana-Na urang meunang tempat anu
pangutamana.

¹⁹Dulur-dulur, sing cepet kana ngadenge,
sing lambat kana nyarita, jeung ulah gancang
ambek.

²⁰Kaambek teh henteu sapuk jeung
pangersa Allah.

²¹Ku sabab kitu, piceun sagala kabiasaan
anu kotor jeung jahat. Sing pasrah ka Allah,
tarima pangandika-Na anu dipelak dina hate
aranjeun, sabab eta teh bisa nyalametkeun
aranjeun.

²²Eta pangandika-Na ulah ngan semet
didengekeun, kudu jeung prak dilampahkeun,
supaya ulah disebut nипу diri sorangan.

²³Anu ngadenge kana pangandika-Na tapi
henteu jeung ngalampahkeunana, eta ibarat
anu nilik maneh dina eunteung,

²⁴geus nilik maneh mah indit, les poho kana
rupa sorangan.

²⁵Sabalikna anu nengetkeun hukum
anu sampurna, anu bakal nyalametkeun
diri tina kajahatan, tur lain ngan semet
ngadengekeun, tapi reujeung prakna
ngalampahkeun, lampah kitu bakal
diberkanan ku Allah.

²⁶ Jelema anu carekna ibadah tapi henteu nyandet letahna, ibadahna teh cumah bae, sarua jeung ngabobodo maneh.

²⁷ Ibadah anu beresih, anu taya kuciwana di payuneun Allah, nya eta anu rumawat ka nu yatim pahatu, sarta mitulung ka randa nu kasusahan, jeung nyandet diri malar henteu kagendam ku pangajak napsu dunya.

2¹ Dulur-dulur, anu percaya ka Yesus Kristus Gusti anu mulya mah, ulah sok ngabeda-beda jelema nilik kaayaan lahirna.

² Upamana dina kumpulan aya dua jelema, nu saurang ginding jeung diali emas, nu saurang deui papakeanana rudag-radig.

³ Lamun aranjeun leuwih ngahormat ka nu ginding sarta nyalikkeun, "Mangga di dieu linggihna di nu utami," ari ka nu rudin, "Nangtung tuh di ditu," atawa, "Tah diuk di handap gigireun jojodog,"

⁴ peta kitu teh salah, ngabeda-beda sasama jalma, ngukur batur ku pikiran anu goreng.

⁵ Masing inget dulur-dulur nu kaasih! Jelema anu di dunyana hirup miskin teh ku Allah mah dipilih, sina beunghar ku iman, sina jadi ahli waris karajaana-Na, sakumaha anu dijangjikeun ka sakur anu nyaah ka Mantenna.

⁶ Ari ku aranjeun bet dihina! Coba, saha anu sok ngagencet ka aranjeun, anu sok nyered aranjeun ka pangadilan? Nu baleunghar!

⁷ Nya maranehna anu ngagogoreng ngaran mulya paparin ti Allah ka aranjeun.

⁸ Kacida benerna lamun aranjeun ngalampahkeun nu kauni dina hukum Karajaan anu ditulis dina Kitab Suci, "Kudu nyaah ka batur cara ka diri sorangan."

⁹ Sabalikna, lamun ngabeda-beda jalma tina kaayaan lahirna, eta salah, dosa, ceuk Hukum Musa oge salah, lantaran ngalanggar hukumna.

¹⁰ Ngalanggar salah sahiji ayat eta hukum, ngalanggar oge anu sejen-sejenna.

¹¹ Sabab eta hukum anu nyebutkeun, "Maneh ulah ngaranyed," oge nyebutkeun, "Maneh ulah maehan." Jadi sanajan teu ngaranyed, tapi ari maehan mah tetep ngarempak eta hukum.

¹² Anu matak dina ucap jeung tingkah laku kudu diluyukeun jeung hukum-hukum anu bisa ngabebaskeun.

¹³ Sabab dina waktu ngahukum, Pangeran moal mikawelas ka jelema anu henteu karunyaan. Tapi kawelasan teh bisa meruhkeun kakuatan hukum.

¹⁴ Dulur-dulur, naon paedahna jelema ngaku percaya tapi henteu tembong dina lampahna? Marukan iman siga kitu teh matak bisa nyalametkeun?

¹⁵ Upamakeun aya dulur sakapercayaan, lalaki atawa awewe, teu boga pakean jeung kurang dahar,

¹⁶ku aranjeun ngan semet didoakeun, "Sing meunang berkah Allah, sing haneut badan, sing ngeunah dahar," henteu jeung sokna dibere pangabutuhna. Naon berkahna?

¹⁷Iman teh kitu, ari henteu jeung lampah mah teu aya paedahna.

¹⁸Tapi bisa jadi aya anu majar kieu, "Aya nu mentingkeun iman, aya nu mentingkeun lampah." Coba atuh tuduhkeun kumaha petana iman henteu jeung lampah teh. Da sim kuring mah bisa nembungkeun iman teh ku lampah.

¹⁹Anjeun percaya yen Allah maha esa? Alus, sanajan roh-roh jahat oge percayaeun kitu, jeung kacida galimireunana ku Mantenna.

²⁰Eh nu kalangsu, anjeun hayang nenjo bukti yen iman henteu jeung lampah teh percumah?

²¹Tenjo bae Ibrahim karuhun urang, naon sababna ku Allah diangken bener? Nya ku sabab ngalampahkeun pamundut Pangeran, iklas ngurbankeun Ishak putrana dina altar.

²²Lain tetela? Iman teh jeung lampahna, sarta ku lantaran lampahna tea imanna jadi sampurna.

²³Ceuk Kitab Suci oge, "Ibrahim percaya ka Allah, sarta ku Allah dietangkeun jelema bener." Nu matak Ibrahim mah disebutna ge sahabat Allah, tina sabab imanna tea.

²⁴Tuh tetela, jelema anu diangken bener ku Allah teh lain ngan ku iman bae, tapi ku sabab imanna dibarengan ku lampahna.

²⁵Kitu deui Rahab, awewe bangor tea, dibenerkeun ku Allah da aya lampahna, nyumputkeun mata-mata urang Israil jeung ngingtiaran nepi ka eta mata-mata salamet baralik make jalan sejen.

²⁶Ku sabab kitu, sakumaha raga tanpa nyawa mah paeh, iman henteu jeung lampah teh paeh.

3¹Dulur-dulur, ulah harayang jadi guru sarerea. Pan aruninga, guru mah ari geus disalahkeun teh mani pohara, disalahkeunana teh leuwih-leuwih ti nu sejen.

²Urang, sarerea oge remen nyieun kasalahan. Jadi mun aya anu tacan sakali-kali acan nyieun kasalahan tina omonganana, tetela jalma sampurna, bisa ngawasaan sakujur dirina.

³Kuda supaya nurut ka mana karep urang, sungutna dikadalian.

⁴Kapal ku sabab gede, majuna kudu ku angin gede, tapi bisa diatur ku kamudi anu kacida leutikna nurutkeun kahayang jurumudi.

⁵Letah oge nya kitu, sakitu lembutna, bet bisa dipake nyombongkeun diri ku perkara-perkara anu galedé. Cipta, sakumaha gedena leuweung bisa disina kahuruan ku seuneu anu leutik!

⁶Ayeuna letah. Letah saperti seuneu. Eta teh dunya kajahatan nu aya dina awak urang, nyebarkeun racun jahat kana sakujur badan, sarta nimbulkeun seuneu ti naraka pisan, ngahuru kaayaan hirup urang sagemblengna.

⁷Manusa bisa, jeung enggeus ngalilindeuk mahluk-mahluk sejen, sato galak, manuk, sato anu ngarayap, jeung lauk.

⁸Tapi teu aya saurang-urang acan anu bisa meruhkeun letah. Letah mah nya jahat nya mangprung teu bisa dipegung, racun anu kacida matihna.

⁹Ku urang sok dipake muji sukur ongkoh ka Gusti jeung Rama urang, tapi sok dipake oge nyumpahan ka sasama manusa anu dijadikeunana ngala kana kanyataan Allah.

¹⁰Boh pamuji sukur, boh panyapa, bijilna tina sungut anu eta keneh. Tapi urang mah ulah kitu dulur-dulur!

¹¹Teu aya cinyusu anu ngaburialkeun cai tawar ongkoh cai pait ongkoh tina liang eta-eta keneh.

¹²Tangkal kondang moal buahan jetun, tangkal anggur moal buahan kondang, cinyusu asin moal ngabijilkeun cai tawar.

¹³Kumaha di dieu aya anu bijaksana jeung berbudi? Buktikeun kituh ku lampah nu hade, ku panggawe anu hade, dibarengan ku rendah hate jeung lantip bijaksana.

¹⁴Sabalikna, anu dengkian, nyerian hate, mentingkeun maneh, ulah ngagulkeun maneh

bijaksana, sabab lamun kitu mah dosa sarta lalawanan jeung nu bener.

¹⁵Kabijaksanaan saperti kitu mah asalna lain ti sawarga, tapi ti dunya, tina hawa napsu, ti nu jahat.

¹⁶Karana di mana aya sipat dengki jeung sipat meningkeun maneh, tangtu ngusutkeun jeung nyieun rupa-rupa kajahatan.

¹⁷Ari kabijaksanaan nu ti sawarga mah estuning pangmulus-mulusna, resep rapih, amis budi, sareseh, karunyaan, buahna teh harade kabeh, taya curiga ka batur, taya sipat pura-pura.

¹⁸Binih karapihan pelak jalma anu cinta kana karapihan mah buahna teh kahadean.

4 ¹Tina naon asalna lamun di aranjeun aya pacogregan nepi ka sok garelut? Tina gedena hawa napsu aranjeun hayang meunangkeun kasenangan dunya, anu teu eureun-eureun nyundutan hate aranjeun.

²Aranjeun aya kahayang, tapi teu katedunan tuluy bae hayang maehan. Aranjeun sarumaget pisan neangan nu dipikahayang, tapi teu kasorang bae, tuluy jadi parasea nepi ka garelut. Padahal pangna aranjeun teu baroga nanaon teh, lantaran aranjeun teu nyaruhunkeun ka Allah.

³Rajeun nyuhunkeun, teu dikabulkeun, da salah patekadanana; anu disuhunkeun ku aranjeun teh, ngan ukur pikeun nyenangkeun diri sorangan.

⁴ Aranjeun teu saratia! Na teu aruninga yen sosobatan jeung dunya teh sasat ngamusuh ka Allah? Sing saha anu hayang sosobatan jeung dunya, eta tandaning geus musuh jeung Allah.

⁵ Ulah dikira tanpa alesan Kitab Suci nyebutkeun, "Di jero diri urang Allah nempatkeun roh anu keras kahayangna."

⁶ Tapi rahmat Allah anu dipaparinkeun ka urang leuwih kuat ti batan kahayang eta roh urang. Eta sababna Kitab Suci nyebutkeun oge, "Allah ngalawan ka nu kamagungan, tapi mikaasih ka anu rendah hate."

⁷ Ku sabab kitu masing sumerah ka Allah. Iblis kudu dilawan, tangtu kabur ti aranjeun.

⁸ Allah raketan, Mantenna ge tangtu ngaraketan deui. Beresihan leungeun, eh jalma-jalma dosa! Herangkeun hate, eh aranjeun anu marunapek!

⁹ Kudu ngarasa kaduhung, ceurik, midangdam, seuri ganti ku ceurik, rasa suka ganti ku rasa duka.

¹⁰ Rendahkeun diri di payuneun Pangeran, tan wande ku Mantenna dicengkatkeun.

¹¹ Aranjeun ulah sok silih cawad jeung papada batur. Anu nyawad jeung nyalahkeun ka batur sakapercayaan, eta nyawad kana Hukum Allah. Lamun geus nyawad kana Hukum Allah, tandaning geus henteu nurut kana Hukum Allah, malah nyalahkeun.

¹² Padahal ngan Allah bae anu kawasa ngadamel eta Hukum teh, jeung anu kawasa ngahukum. Ngan Mantenna nyalira anu kawasa nyalametkeun, jeung anu kawasa ngaruksak. Saha aranjeun teh, bet ngahukuman ka batur?

¹³ Eh dulur-dulur anu sok ngomong, "Ayeuna atawa isukan kuring rek nyaba ka anu sataun mah, rek ngadon usaha nyiar duit," reungeukeun sim kuring.

¹⁴ Na anjeun uninga hirup anjeun isukan bakal kumaha? Anjeun teh ibarat sagumpel haseup, tempong sakeudeung les leungit.

¹⁵ Kuduna kieu anjeun ngomong teh, "Lamun diparengkeun ku Pangeran jeung sugar aya umur, rek ka anu atawa rek anu."

¹⁶ Ari anjeun bet ujub jeung suaban. Salah ujub kitu teh.

¹⁷ Ku sabab kitu, saha-saha anu nyaho ka nu hade, anu wajib dilampahkeun tapi henteu dilampahkeun, eta teh dosa.

5 ¹ Ari aranjeun, anu baleunghar, kudu nyeungceurikan diri lantaran bakal balangsak.

² Kabeungharan aranjeun geus buruk, papakean geus rarenyah ku geget,

³ emas perak geus tarai hiangan, tai hiangna bakal jadi saksi perkara aranjeun, bakal ngahakan daging aranjeun nepi ka beak kawas ku seuneu. Geus ahir jaman kieu numpuk-numpuk bae kabeungharan.

⁴ Ngagawekeun jelema sina migawe rajakaya aranjeun, ari kulianana henteu dibayar. Tah dengekeun mani tinglalengis! Tingkoceakna jalma-jalma anu digarawekeun metik hasil bumi aranjeun geus nepi kana cepil Allah, Pangeran Nu Maha Kawasa.

⁵ Kahirupan aranjeun di ieu dunya nya senang nya murub mubyar. Aranjeun geus kokomoan ngalintuhan awak sorangan, ngadago waktu dipeuncit.

⁶ Aranjeun geus nyiksa, geus maehan ka jelema nu tanpa dosa, anu teu kuateun ngalawan!

⁷ Sing salabar dulur-dulur, ngadago Gusti sumping. Pek tengetkeun patani, sakitu sabarna ngadago hasil pepelakanana, sakitu sabarna ngadago hujan munggaran jeung hujan panganggeusan.

⁸ Dulur-dulur oge kudu kitu, kuatkeun hate, moal lila deui ge Gusti sumping.

⁹ Ulah silih gelendengan, supaya ulah dibenduan ku Allah. Hakim urang geus meh jol sumping.

¹⁰ Tulad para nabi anu ngararemban timbalan Allah, salalabar nandangan balangsak.

¹¹ Ceuk urang aranjeunna teh bagja ku kategeranana. Dulur-dulur geus ngadarenge carita Ayub anu sabar tumarima, ahirna ku Pangeran diganjar, da Pangeran mah sipat murah jeung sipat welas.

¹² Jeung kahade dulur-dulur, ari ngaenyakeun atawa ngahenteukeun ulah bari susumpahan. Ulah nyebut demi langit, atawa demi bumi, atawa demi naon bae. Sebutkeun bae "Enya" lamun enya, "Henteu" lamun henteu, supaya ulah dibenduan ku Allah.

¹³ Kumaha lamun aya anu meunang karerepet? Sina neneda. Kumaha lamun aya anu meunang kabungahan? Sina muji sukur.

¹⁴ Kumaha lamun aya anu gering? Pangneangkeun kokolot jamaah sina mangnedakeun, sina mangurutkeun make minyak jetun, bari nyambat jenengan Gusti.

¹⁵ Paneda anu saestu dibarengan ku percaya tan wande bisa nyageurkeun, anu gering teh ku Gusti dikersakeun cageur deui, jeung dosana dihampura.

¹⁶ Ku sabab eta ari aya dosa ka pada batur sing waraleh, sing silih doakeun supaya dicalageurkeun. Doa jelema nu tumut kana pangersa Allah mah gede maunatna.

¹⁷ Contona Elias, anjeunna jelema biasa kawas urang. Tapi paneda anjeunna supaya di satanah Israil ulah aya hujan, dimakbul, tilu satengah taun hujan henteu turun-turun, sabab panedana panteng.

¹⁸ Sanggeus anjeunna neneda deui, hujan teh turun deui ti langit, pepelakan jararadi.

¹⁹ Dulur-dulur, kumaha lamun aya anu ingkar tina kayaktian, heug aya anu bisa nungtun ka nu bener deui?

²⁰Kieu, anu bisa mawa anu ingkar ka nu bener deui, eta teh nyalametkeun jelema nu tas ingkar, ngarebut nyawana tina maot, sarta dosana sakumaha lobana ge bisa dihampura. Salam sim kuring, Yakobus

1 Petrus

1 ¹Kahatur dumateng dulur-dulur anu enggeus dipilih ku Allah, anu papencar di tempat-tempat pangungsian di Pontus, Galata, Kapadokia, Asia jeung di Bitinia. Sim kuring Petrus, rasulna Yesus Kristus ngaharep,

²mugia aranjeun ginanjar rahmat rahayu ti Allah. Geus jadi pangersa Allah Rama aranjeun ku Mantenna dipilih dijadikeun umat-Na anu geus disucikeun ku Roh Mantenna sangkan aranut ka Yesus Kristus, supaya bebas tina dosa ku jalan disucikeun ku getih Anjeunna.

³Puji jeung sukur kasanggakeun ka Allah, Ramana Gusti urang Yesus Kristus! Allah teh ku bawaning mikawelas geus midamel urang jadi manusa anu anyar dina hirup anu anyar, anu geus boga hiji pangharepan anu moal pareum-pareum, ku jalan Mantenna ngahirupkeun deui Yesus Kristus tina pupus-Na.

⁴Nya ku sabab kitu urang teh meunang ngarep-ngarep kana saniskara berkah anu geus disayagikeun ku Allah pikeun umat-Na anu disimpenna di sawarga, anu moal keuna ku ruksak, moal bobo, moal ngurangan pangajina.

⁵Eta saniskara berkah teh pikeun aranjeun anu geus aya dina pangraksana kakawasaan Allah sangkan salamet, lantaran percaya ka Allah. Eta tangtu engke katampa ku aranjeun dina ahir jaman.

⁶Aranjeun kudu bungah ku hal ieu, sanajan ayeuna keur susah jeung prihatin ku rupa-rupa cocoba.

⁷Maksudna nya eta pikeun nguji kamurnian iman aranjeun ka Pangeran. Geuning emas oge anu beunang diruksak sok diuji. Komo deui iman aranjeun anu pangajina leuwih ti emas, kudu diuji supaya murni. Ku jalan kitu lamun aranjeun kuat nandangan eta cocoba, engke dina Poe sumpingna Yesus Kristus aranjeun bakal dipuji, dihormat, dimulyakeun.

⁸Aranjeun nyaraah ka Yesus Kristus, padahal can nenjo-nenjo acan, aranjeun percaya ka Anjeunna sanajan ayeuna Anjeunna geus teu katenjo. Ku sabab kitu aranjeun bakal meunang kabungah anu taya caturkeunana,

⁹lantaran buahna eta kapercayaan aranjeun teh jadi kanyataan, nya eta kasalametan nyawa aranjeun.

¹⁰Para nabi anu ngawejangkeun ieu kasalametan pikeun aranjeun, baheula enggeus nalungtik jeung nitik-nitik.

¹¹Anu ditalungtik teh kumaha jeung jaman mana pijadieunana eta hal anu ti samemehna keneh geus ditujul ku Roh Kristus ku

anjeun anu aya di jero diri aranjeunna, anu ngandikakeun hal kasangsaraan anu baris disorang ku Kristus, kitu deui hal kamulyaan Anjeunna sabada sangsara.

¹² Aranjeunna geus diuningaan ku Allah, yen anu keur ditalungtikna teh jang aranjeun, lain jang aranjeunna. Ayeuna warta perkara eta teh geus kadarenge ku aranjeun ti jalma-jalma anu ngawartakeun Injil Kasalametan. Aranjeunna ngawawarkeun eta Injil Kasalametan teh kalawan pitulungna Roh Suci anu dilungsurkeun ti sawarga. Kana hal ieu sanajan para malaikat oge harayangeun uninga.

¹³ Ku sabab eta kudu sadia-sadia. Kudu sayaga sarta sing anteb ngarep-ngarep sih kurnia Allah anu bakal dipaparinkeun dina waktu Yesus Kristus sumping engke.

¹⁴ Masing ngesto ka Allah, jeung ulah nurutkeun deui kahayang-kahayang napsu anu bareto basa keur sakarep-karep keneh.

¹⁵ Sabalikna masing suci kalakuan, sabab Allah anu geus nyaur aranjeun teh suci,

¹⁶ sakumaha ceuk Kitab Suci, "Maraneh kudu suci, sabab Kami teh suci."

¹⁷ Aranjeun ari neneda ka Allah, ka Mantenna nyebut Ama. Mantenna nimbang perkara manusa tara pilih kasih, kabeh satimpal jeung kalakuanana masing-masing. Ku sabab kitu meungpeung keur di dunya, umur teh kudu dipake ngagungkeun ka Mantenna.

¹⁸ Aranjeun geus terang, naon anu ku Mantenna dianggo nebus aranjeun supaya bebas tina kalakuan anu taya paedahna tuturunan ti karuhun. Lain ku barang anu sok ruksak saperti upamana perak atawa emas,

¹⁹ tapi ku anu kacida mulyana, ku anu diibaratkeun "domba anu taya cacad kuciwana", nya eta Kristus anu dikurbankeun ka Allah.

²⁰ Kristus ku Allah geus dipilih ti samemeh dunya diadegkeun, sarta ayeuna dina mangsa-mangsa geus rek ahir jaman, Anjeunna sumping ka dunya baris nyalametkeun aranjeun.

²¹ Kristus teh geus jadi jalan sangkan dulur-dulur percaya ka Allah, anu nanghikeun Anjeunna ti nu maraot sarta anu maparin kamulyaan. Ku hal eta percaya teh kudu ka Allah, ngaharep teh kudu ka Allah.

²² Ayeuna aranjeun geus anut kana hal anu sayakti, geus nyarucikeun diri, geus baroga kanyaah ka papada batur sakapercayaan, geus silih pikanyaah saiklas-iklasna.

²³ Sabab ku karana sabda Allah anu sipatna hirup tur langgeng, aranjeun geus jadi jalma anyar, lir anu dijurukeun deui, lain ku manusia anu sipatna keuna ku paeh, tapi ku rama nu sipat langgeng.

²⁴ Karana ceuk Kitab Suci: "Jalma mah kabeh saibarat jukut, harkatna ge saibarat kembang

jukut. Jukut tangtu alum, kembangna ge maruragan,

²⁵ tapi sabda Pangeran mah tetep salalanggengna." Tah eta sabda teh nya eta Injil Kasalametan, anu geus diwawarkeun ka aranjeun tea.

2¹ Ku sabab kitu jaga diri tina sagala kajahatan. Ulah sok ngabohong deui, ulah sok pura-pura deui, ulah sok hiri dengki deui, ulah make deui basa anu nyararogok.

²Sing saibarat orok anu anyar medal, anu salawasna aus ku cisusu murni, aranjeun kudu salawasna aus ku "cisusu murni" anu sipatna rohani, nya eta sabda Allah. Sabab lamun nginum eta aranjeun bakal tumuwuh reujeung salametna.

³Sakumaha ceuk Kitab Suci, "Ku maraneh sorangan ge karasa kasaean Allah teh sakitu gedena."

⁴ Mana geura daratang ka Gusti. Anjeunna saibarat batu hirup anu geus dipiceun ku manusa lantaran teu kapake, tapi ku Allah mah malah dipeting dianggap batu nu gede pangajina.

⁵Aranjeun oge kudu jadi saibarat batu hirup, kudu daraek dipake nyieun gedong Allah, anu sipatna rohani, jaradi imam suci purah nyanggakeun kurban-kurban anu sipatna rohani, anu pikamaheun ka Allah ku jalan Yesus Kristus.

⁶Sabab ceuk Kitab Suci: "Hiji batu anu gede pangajina ku Kami enggeus dipilih, dijieu batu popojok kota Sion. Sing saha anu percaya ka Anjeunna, moal dikuciwakeun."

⁷Keur aranjeun anu percaya, eta "batu" teh gede pangajina. Ari keur anu henteu percaya mah kieu ceuk Kitab Suci: "Batu anu dipiceun ku nu ngadegkeun, malah jadi kacida pentingna, leuwih ti nu sejen-sejenna."

⁸Aya deui ceuk Kitab Suci: "Jalma-jalma bakal titarajong kana eta batu, bakal lalabuh ku eta batu." Tah kitu anu henteu palercayaun kana sabda Allah mah bakal titarajong. Kitu dipastikeunana ku Allah.

⁹Ari aranjeun mah bangsa anu geus kapilih, jadi imam Raja, jadi bangsa suci, anu dipilih jadi umat Allah purah nguarkeun padamelan-padamelan Allah anu araheng, anu geus nyaur ka aranjeun ti tempat anu poek, didatangkeun ka tempat Mantenna anu caang gilang-gumilang.

¹⁰Tadina aranjeun teh lain umat Allah, tapi ayeuna mah jadi umat-Na. Tadina teu terang-terang yen Allah teh sipat kurnia, tapi ayeuna geus mareunang sih kurnia-Na.

¹¹Dulur-dulur! Kaula rek mepeligan. Aranjeun di dunya teh ibarat anu ngumbara! Ulah nurutkeun pangajak napsu, anu salawasna ngalawan kana budi rasa.

¹²Lampah aranjeun di tengah jalma-jalma anu henteu percaya ka Allah teh kudu kacida

hadena. Da najan maranehna ngagogoreng ka aranjeun cara ka bangsat oge, ari narenjo panggawe aranjeun hade mah tangtu engke maruji ka Allah dina Poean sumping-Na.

¹³Ku sabab kitu, demi keur kamulyaan Gusti, aranjeun kudu tunduk ka unggal panguasa nagara: ka Prabu, reh eta nu pangkawasana,

¹⁴ka para guperurnuna, reh anu dikawasakeun ku Prabu pikeun ngahukum nu jahat jeung muji ka nu hade.

¹⁵Sabab kalakuan aranjeun anu hade teh ku Allah bakal dianggo ngabendung omongan jalma-jalma anu garejul.

¹⁶Hirup aranjeun kudu sakumaha jalma merdika, tapi kamerdikaan teh ulah dipake nyimbutan kagoreangan, nya kudu sakumaha layakna jelema anu ngawula ka Allah.

¹⁷Kudu ngajenan ka unggal jelema, kudu nyaah ka papada batur sakapercayaan, kudu sieun ku Allah, kudu hormat ka Prabu.

¹⁸Anu ngagandek kudu nurut ka dunungan, boh lamun dunungan teh bageur jeung amis budi, boh lamun dunungan teh kasar jeung bengis.

¹⁹Anu meunang kanyeri ti dunungan teu karana migawe kasalahan, tapi tetep sabar lantaran narimakeun kana pangersa Allah, bakal meunang rahmat-Na.

²⁰Tapi ari nu salah mah pantes bae kudu sabar sanajan diteunggeul oge. Sabar ku lantaran kitu mah naon pujieunana? Lamun

gawe bener tapi teu burung dinyerikeun, sarta aranjeun tetep sabar narimana, eta kasabaran aranjeun teh bakal aya ganjaranana ti Allah.

²¹ Nya supaya milampah kitu aranjeun disaur ku Allah teh. Sabab Kristus oge geus nandangan sangsara pikeun aranjeun, sarta Anjeunna maparin tuladan anu ku urang kudu dipiconto.

²² Anjeunna henteu midamel dosa, jeung tacan aya anu ngadenge Anjeunna ngabohong, da tara ngabohong sakecap-kecap acan.

²³ Anjeunna mah dihina tara ngahina deui; dikaniaya taya manah hoyong ngabales, anggur sumerah ka pangersa Allah, Hakim anu adil.

²⁴ Kristus ku anjeun geus ngabegbregan salira-Na dina kayu salib ku dosa-dosa urang, supaya urang bebas tina kakawasaan dosa, hirup nurutkeun pangersa Allah. Raheut-raheut salira-Na ngalantarankeun aranjeun cageur.

²⁵ Tadina aranjeun teh lir domba-domba anu sasab, tapi ayeuna mah geus dicandak balik sarta ngiring ka Kristus, anu jadi Pangangon jeung anu ngaraksa nyawa aranjeun.

3 ¹ Ari aranjeun, istri-istri, kudu ngesto ka salaki. Malakmandar lamun salaki tacan percaya ka Gusti bisa kabawa percaya, ari aranjeun ngesto mah. Teu kudu diajak-ajak deui,

²da geus katarik ku kasujudan aranjeun.

³Tembong geulis teh ulah ngan ku dangdanan lahir bae saperti upamana ku model buuk, ku emas-emasan, ku papakean.

⁴Lemes budi, titih rintih, lemah lembut, eta kageulisan sajati, anu moal luntur ku umur, tur kageulisan anu eta anu dipandang utama ku Allah teh.

⁵Istri-istri jaman baheula anu arabadah sumerah ka Allah, ngageulisna teh ku ngesto ka salakina.

⁶Contona Sarah; anjeunna kacida ngestona ka Ibrahim, ngabasakeunana oge ka carogena teh dunungan. Ayeuna aranjeun jadi putra-putra Sarah, lamun alus hate jeung henteu jejerih.

⁷Sabalikna deui aranjeun nu jadi salaki, kudu bageur ka pamajikan, kudu daek ngaraskeun, kawantu awewe teh kaom lemah. Ajenan, da pamajikan jeung aranjeun teh samilik reujeung, bakal dipaparin kanugrahaan hirup anu sajati ti Allah. Tah kudu kitu, supaya ari aranjeun neneda ka Allah ulah aya anu matak jadi halangan.

⁸Cindekna: Aranjeun kabeh sing sapaham saperasaan, silih pikaheman cara jeung dulur, silih hadean, silih elehan.

⁹Jahat ulah dibales ku jahat, ambek ulah dibales ku ambek, anggur pangmentakeun berkah, da aranjeun oge disaur ku Allah teh supaya mareunang berkah-Na.

¹⁰Ceuk Kitab Suci: "Nu hayang senang hirupna jeung hayang lulus jamuga, ulah bijil ucap jahat atawa linyok jeung bohong.

¹¹Nu goreng singkahkeun, nu hade lampahkeun, pirapiheun usahakeun.

¹²Karana Pangeran ngajaga ka anu hade lampahna, ngamakbul ka panedana. Anu jahat lampahna mah ku Pangeran dilawan."

¹³Saha anu rek goreng ka aranjeun lamun aranjeun resep kana kahadean?

¹⁴Tapi sanajan nepi ka nyandang lara ge ari ku karana nyieun kahadean mah kacida untungna! Teu kudu rempan atawa risi ku itu ku ieu.

¹⁵Anggur masing sumujud ka Kristus, Gusti teh pikaaajrih! Lamun aya anu menta keterangan perkara nu jadi pangharepan aranjeun, iraha-iraha ge jawab sing bener,

¹⁶sing hade basana, sing hade tatana. Lamun aranjeun aya anu mitenah pedah jadi panganut Kristus, tiiskeun hate, cecep perasaan, nepi ka jelema anu mitenah teh malik era ku omonganana sorangan.

¹⁷Ari geus kersaning Allah mah yen kudu lara ku karana migawe hade, mending keneh kitu ti batan lara ku karana migawe kajahatan mah.

¹⁸Kristus oge nepi ka pupus teh lantaran dosa manusa kabeh. Anjeunna nu tanpa dosa nalangan nu daroraka, malar iasa ngadeuheuskeun manusa ka Allah. Anjeunna

mungguhing badaniah ditelasan, tapi dihirupkeun deui dina kaayaan roh. Anjeunna nu tanpa dosa teh, cukup ngan ku sakali bae pikeun salalawasna, nalangan pati nu daroraka.

¹⁹Dina kaayaan roh, Anjeunna angkat ngawartaan ka sukma-sukma anu keur dikungkung,

²⁰nya eta sukmama jelema-jelema jaman Enoh anu henteu narurut ka Allah, anu ku Mantenna dibere tempo salila Enoh ngadamel kapal tea. Anu arasup ka kapal nepi ka saralamet tina caah sadunya ngan saeutik, ngan dalapan urang.

²¹Eta caah teh jadi perlambangna baptisan, anu ngalantarankeun aranjeun ayeuna salamet. Baptisan lain pikeun miceun daki meresihan awak, tapi mangrupa jangji, ikrar budi rasa urang nu hade ka Allah. Eta teh nyalametkeun aranjeun ku gugahna Yesus Kristus ti nu maraot,

²²terus munggah ka sawarga, linggih di tengeneun Allah, kawasa ka sakabeh malaikat, kitu deui ka sakabeh roh anu murba jeung kawasa.

4¹Lahiriah Kristus geus nandang sangsara.

Ku sabab kitu aranjeun kudu boga tekad anu kuat saperti Anjeunna. Sabab anu kuat nahan paneka lahiriah ku karana iman, eta nandakeun geus embung ancrub deui kana dosa.

²Jadi ti semet ayeuna hirup aranjeun di ieu dunya kudu taluk kana pangersa Allah, ulah taluk kana hawa napsu.

³Geus cukup bareto hirup aranjeun milampah anu sok dipilampah ku anu henteu palercaya ka Allah, kalakuan henteu pantes, ngumbar napsu, resep mabok, ngecak ngebur, ria-ria, jeung nyarembah ka brahala.

⁴Jalma-jalma anu teu baroga Allah tangtu hareraneun, pedah aranjeun geus henteu cara maranehna deui anu hirupna ngancrud sakarep-karep, tuluy bae ngaharina.

⁵Tapi maranehna engke kudu tanggung jawab ka Allah anu tangtu ngahukum, boh ka nu harirup keneh boh ka nu geus maraot.

⁶Kitu sababna anu geus maraot oge diwawaran Injil Kasalametan, supaya maranehna oge sanajan jasmaniahna mah geus maot saperti halna kabeh jelema ge bakal maot, ari sukmana mah bisa meunang hirup ti Allah anu jumeneng.

⁷Sagala perkara geus deukeut kana panganggeusan. Jadi aranjeun sing waspada jeung sayaga, supaya inget kana neneda.

⁸Pangpangna pisan kudu enya-enya silih pikanyaah, sabab ku silih pikanyaah mah bisa silih hampura.

⁹Kudu daraek silih anjrekkeun ulah bari kukulutus.

¹⁰Berkah Allah anu katarima ku masing-masing teh beda-beda. Berkah anu

pangmunelna kudu dipake nyieun kahadean ka batur, tandaning aranjeun hade dina nyekel jeung ngurus sih kurnia Allah.

¹¹ Anu sok mere pitutur, anu kudu dipitutur teh dawuhan-dawuhan Allah. Anu ngajalankeun tugas kudu rumasa yen dipaparin tanaga ku Allah, supaya dina sagala perkara matak jadi puji ka Allah ku karana Yesus Kristus, anu kagungan kamulyaan jeung kakawasaan salalanggengna. Amin.

¹² Dulur-dulur! Ulah kaget ku cocoba anu sakitu peurihna, kawas anu lain samanea.

¹³ Malah kudu atoh dumeh nandangan sangsara saperti Kristus, sabab engke lamun Kristus geus nganyatakeun kamulyaana-Na, aranjeun bakal pinuh ku kabungah.

¹⁴ Bagja lamun aranjeun dipoyok ku dumeh anut ka Kristus, tandana aranjeun dilinggihan ku Roh anu mulya, Roh Allah.

¹⁵ Ulah nyieun pisangsaraeun saperti upamana maehan, jadi bangsat, jadi penjahat, atawa pipilueun kana perkara batur.

¹⁶ Sabalikna, sangsara ku lantaran jadi Kristen mah teu kudu ngarasa era, malah kudu muji sukur ka Allah dumeh meunang sesebutan tina jenengan Kristus.

¹⁷ Ayeuna geus waktuna pangadilan dimimitian. Anu bakal diadilan ti heula nya eta umat Allah ku manten. Tah! upama Allah mimiti ngadilanana ti urang heula, leuh pikumahaeun temen pibalukareunana

jelema-jelema anu henteu palercaya kana Injil Kasalametan ti Allah,

¹⁸sabab ceuk Kitab Suci: "Cacakan jelema hade geus seuseut salamet, komo jelema dosa doraka, kumaha teuing."

¹⁹Ku sabab kitu, anu nandangan sangsara ku karana pangersa Allah sing hade-hade nya lampah, bari sumerah ka Allah anu ngajadikeunana, anu pengkuh kana jangji-Na.

5¹Ka para kokolot jamaah sim kuring arek meredih, da sim kuring oge sarua jadi kokolot jamaah, jeung jadi saksi tina kasangsaraan Kristus, jeung bakal milu mulya lamun Anjeunna geus nganyatakeun salira.

²Sim kuring menta supaya aranjeun jadi lir pangangon anu kudu ngangon domba-domba Allah, ngasuh jamaah anu dipercayakeun ka aranjeun. Jamaah urus sing enya-enya, sing iklas sakumaha anu dipikahoyong ku Allah, ulah jeung aral subaha. Kudu kajurung ku enya-enya hayang ngurus, lain ku karana mandang gajih.

³Ka anu diurus ulah jadi anu kawasa, anggur kudu jadi tuladan.

⁴Engke di mana Gusti Pangangon Agung sumping, aranjeun bakal narima makuta anu kamulyaanana moal susut moal aya sudana.

⁵Ari aranjeun barudak ngora, ka nu leuwih kolot masing ngesto. Aranjeun kudu ngarendahkeun diri jeung silih ladenan, sabab ceuk Kitab Suci, "Allah ngalawan ka

nu kamagungan, tapi mikaasih ka nu rendah ati."

⁶Kudu ngarendahkeun maneh kana panangan Allah nu ngagem kawasa, supaya ari geus dina waktuna aranjeun ku Mantenna dijungjung.

⁷Sagala kasusah unjukkeun ka Mantenna, sabab Mantenna anu ngurus aranjeun.

⁸Sing caringcing taki-taki, sabab Iblis musuh aranjeun keur guar-gaur kawas singa, kukulayaban neangan leglegeun.

⁹Lawan, sing teguh iman. Inget, nu sejen oge anu sakapercayaan jeung aranjeun di sakuliah dunya sarua nandangan sangsara kitu.

¹⁰Lamun sangsara geus liwat, da moal lila, Allah nu kagungan saniskara sih kurnia, anu geus nyaur aranjeun sangkan milu kana kamulyaana-Na ku jalan satunggal jeung Kristus, bakal nyampurnakeun, nguatkeun jeung mageuhkeun kaayaan aranjeun.

¹¹Nya Mantenna anu kagungan kakawasaan salalanggengna. Amin.

¹²Ieu surat anu pondok nulisna dibantuan ku Silas, anu ku sim kuring dianggap dulur Kristen anu satuhu, pikeun ngadorong jeung ngayakinkeun ka aranjeun, yen anu ditulis dina ieu surat teh estu sih kurnia Allah. Eta rahmat Mantenna ku aranjeun kudu terus dipuntangan.

¹³Aya salam ti dulur-dulur di jamaah Babul, anu papada geus disaur ku Allah, kitu deui ti anak sim kuring ki Markus.

¹⁴Sing silih pikasono, silih rangkul anu kajurung ku kanyaah iman Kristen. Mugia Gusti maparin katengtreman batin ka aranjeun nu jadi milik Kristus. Wassalam, Petrus

2 Petrus

1 ¹Kahatur dumateng dulur-dulur, anu geus baroga kayakinan anu mulya saperti kayakinan sim kuring. Eta kayakinan teh ti Allah anu sipat adil, jeung ti Yesus Kristus Jurusalamet urang. Ieu serat ti sim kuring Simon Petrus, anu ngabdi ka Yesus Kristus sarta jadi rasul-Na.

²Mugia aranjeun ginanjar rahmat rahayu, rehna geus terang ka Allah jeung ka Yesus, Gusti urang.

³Ku kawasaning Allah ku manten, urang geus dipaparin sakur nu perlu, supaya bisa hirup kalawan saregep ibadah, tina sabab geus terang ka Yesus Kristus anu nyaur urang supaya kamulyaan jeung kaseaana-Na tumerap ka urang.

⁴Ku jalan kieu, kurnia agung anu mulya kabina-bina anu dijangjikeun ku Mantenna, geus dipaparinkeun ka urang. Nya ku karana kurnia ieu aranjeun luput tina sagala pangaruh ieu dunya anu ngaruksak, sarta aranjeun geus katerapan ku sipat-sipat ilahi.

⁵Ku sabab kitu kudu ihtiar enya-enya supaya beuki leuwih mantep percaya ka Kristus dibarengan ku hirup hade. Jaba ti eta aranjeun kudu baroga pangarti kana hal pangersa Allah;

⁶pangarti deudeul ku ngawasaan diri;
ngawasaan diri deudeul ku katabahan;
katabahan deudeul ku ibadah, hirup
numutkeun pangersa Allah;

⁷ibadah tambah ku nyaah ka batur
sakapercayaan; kanyaah eta deudeul ku
kanyaah ka sakabeh jelema.

⁸Aranjeun perlu ngabogaan ieu sipat-sipat.
Lamun ieu sipat-sipat geus kapiboga tur beuki
hirup, tangtu aranjeun bakal leuwih rajin
jeung leuwih terang ka Gusti urang Yesus
Kristus, sarta tangtu hasil.

⁹Tapi lamun teu ngabogaan sipat-sipat
kieu mah pandanganana sempit, jeung
tangtu poho yen diri geus diberesihkeun tina
dosa-dosa nu bareto.

¹⁰Ku sabab kitu dulur-dulur, sing beuki
saregep ihtiar, supaya beuki mantep ngadeg
dina kaayaan geus disaur jeung dipilih ku
Allah. Lamun geus kitu mah pamohalan
aranjeun undur tina kayakinan iman.

¹¹Ku jalan kieu aranjeun bakal dibere hak
asup ka Karajaan anu langgeng, Karajaan
Yesus Kristus, Gusti jeung Jurusalamet urang.

¹²Ku sabab kitu, sanajan aranjeun geus
terang kana eta hal anu sayakti, tur geus
mantep ngadeg dina eta, sim kuring moal
weleh ngingeten.

¹³Satungtung aya keneh umur mah tetep
ngarasa wajib ngageuing supaya aranjeun
tetep pengkuh kana eta.

¹⁴ Sabab sim kuring geus dibere terang eces pisan ku Gusti urang Yesus Kristus yen sim kuring bakal tereh ninggalkeun ieu dunya,

¹⁵ nu matak sabisa-bisa rek ihtar heula sangkan aranjeun pengkuh kana eta hal, sanajan engke sim kuring geus teu aya di dunya.

¹⁶ Kamulyaan Gusti urang Yesus Kristus anu dicaritakeun ku sim kuring teh lain asal tina carita-carita beunang nganggit, sabab kasaksian pisan ku sorangan kamulyaana-Na teh.

¹⁷ (1:17-18) Waktu Anjeunna ku Allah Rama diterapan kamulyaan jeung kaagungan di gunung nu suci tea, sim kuring jeung batur duaan keur reureujeungan jeung Anjeunna, sarta kadenge ku ceuli sorangan gentra Anu Maha Mulya ti sawarga, ngadawuhkeun salira Anjeunna, ungelna, "Ieu teh putra kakasih Kami, anu dipisuka ku Kami!"

¹⁸ (1:17)

¹⁹ Sanggeus nyaksian kitu, sim kuring beuki percaya bae kana dawuhan Allah anu diwartakeun ku nabi-nabi teh. Aranjeun oge kudu kitu, sabab eta anu diwartakeunana teh ibarat lampu anu ngagenclang di nu poek nepi ka bray beurang, ibarat cahya bentang isuk anu moncorong di jero hate aranjeun.

²⁰ Tapi sanajan kitu aranjeun kudu terang, jelema mah moal aya saurang-urang acan

anu ngarti sorangan kana eusi piwejang dina Kitab Suci.

²¹ Jeung jelema mah moal aya anu bisa sorangan ngawartakeun dawuhan Allah perkara nu bakal pijadieun engke. Nabi-nabi oge ngawejangkeunana teh estu ku karana pangersa Roh Suci.

2¹ Baheula umat Allah kadatangan nabi-nabi palsu. Ayeuna nya kitu keneh, aranjeun bakal kadatangan guru-guru palsu, ngasupkeun pangajaran anu teu bener sarta nyilakakeun. Maranehna bakal ngangles ka Guru anu nyalametkeun maranehna. Ku hal eta saenyana maranehna nyieun picilakaeun sorangan, anu bakal ujug-ujug narajang ka maranehna.

² Parandene kitu, loba anu bakal nurutan kalakuanana anu ingkar, nepi ka loba anu bakal ngagogoreng Jalan Bener, jalan ti Allah.

³ Kajurung ku sipatna anu rakus, eta guru-guru palsu teh ngajarkeun carita-carita beunangna nganggit, ngarah piuntungeun. Tapi Hakim anu bakal ngahukum maranehna geus lila sadia. Anu bakal ngabasmina geus nunggu-nunggu.

⁴ Allah henteu ngantep malaikat-malaikat anu baha, kabeh disuntrungkeun ka naraka, dirante di tempat nu poek, ngadago Poe Hukuman.

⁵ Allah henteu ngantep dunya purba tempat manusa migawe kajahatan, dibasmi ku caah

dunya; anu dirahayukeun ngan Enoh jeung tujuh urang deui, sabab Enoh sok ngelingan ka eta nu daroraka.

⁶Allah ngahukum nagri Sadumu jeung Gomora, eta nagri dibasmi ku seuneu, dijadikeun conto yen kitu pijadieunana anu jarahat mah.

⁷Allah ngarahayukeun Elut ti eta nagri, sabab Elut ibadah, ngerik ningali kadorakaan urang dinya.

⁸Anjeunna nu hade, cicing di eta nagri teh unggal-unggal poe manahna kasiksa ningali jeung ngadangu kalakuan jahat urang dinya.

⁹Tah kitu, Pangeran teh uninga ka jelema anu nurut ka Mantenna, anu kudu disalametkeun tina sagala gogoda; uninga ka jelema doraka, anu kudu dihukum jeung dikerem ngadago Poe Hukuman,

¹⁰hususna jelema-jelema anu ngalajur hawa napsu jeung nyela kana kakawasaan Allah. Ari guru-guru palsu tea kacida kumawanina jeung karumakina, nepi ka teu sieun-sieuneun lancang ngahina ka mahluk-mahluk mulya di sawarga.

¹¹Cacakan para malaikat ge anu leuwih unggul jeung bedas ti batan maranehna, nyeuseulna ka eta mahluk-mahluk mulya teh henteu nganggo kecap anu ngahina di payuneun Pangeran.

¹²Eta guru-guru palsu teh teu beda ti sato galak, boroeun jeung paehaneun, lampahna

kumaha ceuk nalurina, teu jeung pikiran, nepi ka wani nyela kana hal-hal anu tacan katepi ku uteukna. Maranehna tangtu ditumpes kawas sato-sato galak,

¹³bakal dibales sangsara lantaran geus nyieun pisangsaraeun batur. Karesepna nganteur napsu badani, kajeun ti beurang. Dina dahar ngariung hajat aranjeun, sakahayangna dianteur turug-turug sok ngalicikan, matak era jeung cela.

¹⁴Ari matana teu weleh ngulincer neangan awewe bangor, kana dosa teh resepna teu aya seubeuhna, jeung jadi tukang ngagendam ka nu lembek iman. Hatena sina tutur kana sarakah, jalma-jalma bangkawarah!

¹⁵Maranehna geus kasasar, naringgalkeun jalan anu bener saperti Balhum bin Beor baheula. Geuning Balhum nepi ka daek migawe nu matak dosa da kabita ku buruhan.

¹⁶anu matak eta nabi teh diseuseul. Kalde tutumpakanana ngadak-ngadak bisa ngomong cara jelema, mapalangan kana niat gelona.

¹⁷Eta guru-guru palsu teh kawas cinyusu nu geus saat, kawas mega anu katebak ku angin gede. Pitempateunana ku Allah geus ditangtukeun, nya eta di nu poek mongkleng.

¹⁸Mun pidato kalah ka agul, padahal eusina gejul. Kalakuanana anu aeb dipake mikat jelema-jelema anu kakara eungkeut-

eungkeut leupas tina pangaruh jelema-jelema
anu tabeatna jarahat.

¹⁹ Maranehna ngajangjikeun kamerdekaan,
padahal dirina sorangan jaradi budak hawa
napsuna nu matak cilaka, sabab nu eleh mah
kapan kudu ngawula ka anu ngelehkeunana.

²⁰ Lamun jelema geus leupas tina pangaruh
perbawa dunya anu ngaruksak lantaran geus
wanoh ka Gusti, Jurusalamet urang Yesus
Kristus, heug kapuket deui ku eta nepi ka
eleh, kaayaanana leuwih cilaka ti batan
tadina.

²¹ Jalma kitu mah mending oge teu nyaho
pisan kana jalan nu bener ti Allah, ti batan
nyaho tapi ingkar tina parentah suci anu
diparentahkeun ku Allah.

²² Jalma kitu ninggang kana paribasa,
"Anjing malikan deui utahna, bagong geus
dimandian guyang deui dina leutak."

3 ¹ Dultur-dultur! Geus dua kali ieu sim kuring
nyuratan teh. Boh nu ti heula boh nu ieu,
maksud teh ngageuing pikiran-pikiran murni
aranjeun.

² Sing aringet salawasna kana pilahir
nabi-nabi saruci baheula, kitu deui kana
timbalan Gusti Jurusalamet anu ditepikeun ku
rasul-rasul.

³ Babakuna aranjeun kudu terang, yen dina
mangsa-mangsa ahir jaman ieu bakal aya
jelema-jelema tukang ngajujur napsu anu
bakal maroyok ka aranjeun,

⁴pibasaeunana, "Kristus teh lain geus jangji rek datang deui? Mana? Da ti semet maot karuhun, naon-naon oge dengdeng bae kaayaanana cara keur jaman dunya mimiti ngadeg!"

⁵Maranehna ngahaja pura-pura teu nyaho yen baheula langit jeung bumi jadina teh ku karana timbalan Allah, dijadikeun tina cai jeung ku cai,

⁶sarta dibasmina oge eta dunya nu baheula teh ku cai deui, ku caah dunya.

⁷Ari langit jeung bumi anu ayeuna, dimumulena ku Pangandika Allah keneh, sarta bakal dibasmi ku seuneu. Ayeuna diingkeun keneh, ngadago waktuna, nya eta dina poean ngabasmi jelema-jelema doraka.

⁸Tapi dulur-dulur ulah poho, mungguh di Allah mah sapoe jeung sarebu taun ge taya bedana, sarua bae.

⁹Jeung deui Pangeran mah tara ngaengke-engke jangji cara ceuk panyangka sawareh jelema. Nu saenyana mah Mantenna teh nyabaran ka aranjeun, da kahoyong-Na manusa teh tarobat kabeh tina dosana, sabab Mantenna henteu hoyong aya jelema anu cilaka saurang-urang acan.

¹⁰Poe pisumpingeuna-Na Gusti teh hamo kataksir iraha, cara urang teu bisa ngira-ngira iraha pidatangeunana bangsat. Dina Poe eta langit bakal leungit, sorana ngagulugur, sarta

barang-barang langit bakal lebur ku seuneu,
bumi katut saeusina musna kahuru.

¹¹ Ku sabab kabeh bakal dilebur saperti kitu,
aranjeun rek jadi jalma kumaha? Kudu hirup
beresih jeung sumerah ka Allah,

¹² bari ngarep-ngarep kana eta Poean Allah,
jeung ihtiar supaya eta waktu tereh cunduk.
Dina Poe eta langit bakal lebur dihuru,
unsur-unsur jagat raya bakal ajur ku seuneu.

¹³ Tapi ari urang mah aya anu diarep-arep,
nya eta langit anyar jeung bumi anyar anu
diereh ku kaadilan, sakumaha anu geus
dijangjikeun ku Allah.

¹⁴ Ku sabab kitu dulur-dulur, sabot ngadago
eta Poe teh kudu sakuat-kuat hirup beresih
taya cawadeunana di payuneun Allah, sarta
sing rumaket ngabdi ka Mantenna.

¹⁵ Kasabaran Pangeran teh saenyana
maparin tempo supaya aranjeun salamet
sakumaha saur Paulus dulur sim kuring dina
suratna ka aranjeun. Paulus nyaurkeun kitu
teh ku karana hikmah ti Allah.

¹⁶ Unggal nyuratan anjeunna tara loput
nyaurkeun eta hal. Dina surat-suratna teh
aya sababaraha hal anu hese kahartina.
Nu sambewara jeung imanna loncer mah
ngahartikeunana teh mengkol, da bagian-
bagian sejenna deui tina Kitab Suci oge sok
dipengkolkeun, matak niwaskeun sorangan.

¹⁷ Ari aranjeun mah tangtu ngarti,
dulur-dulur! Sing waspada bae, ulah

kasasabkeun ku jelema-jelema anu ingkar
tina parentah-parentah Allah, bisi cilaka.

¹⁸Sing terus mekar dina sih kurnia jeung
pangarti kana hal Gusti jeung Jurusalamet
urang Yesus Kristus. Sanggakeun puji ka
Anjeunna, ayeuna, salalanggengna! Amin.
Wassalam, Petrus

1 Yohanes

1 ¹Ieu surat nyaritakeun Sabda anu mere hirup, anu geus jumeneng ti barang mimiti. Ku bapa sabatur-batur, eta Sabda teh geus kadenge, jeung geus katenjo ku panon sorangan, nenjo enyaan, sarta leungeun bapa sabatur-barta geus nyabak sorangan.

²Sanggeus eta hirup teh diebrehkeun, bapa sabatur-batur nenjo kana jirim-Na. Eta sababna bapa bisa nyaritakeun jeung nerangkeun hal Anjeunna anu jumeneng hirup langgeng, anu sasarengan jeung anu jumeneng Rama, sabab bapa sabatur-batur sasama rasul geus wanoh pisan ka Anjeunna.

³Tah anu bareto katenjo jeung kadenge teh ku bapa diwartakeun deuih ka aranjeun, supaya aranjeun oge cara bapa, hirup dina kasatunggalan jeung anu jumeneng Rama kitu deui jeung Yesus Kristus Putra-Na.

⁴Maksud bapa nuliskeun hal ieu teh supaya kabungahan urang bisa tutug.

⁵Eta warta ti Allah, anu ku bapa sabatur-batur katarima ti Putra-Na, sarta anu ayeuna di tepikeun ka aranjeun, nya eta: Allah teh Cahaya Caang, di Mantenna sama sakali teu aya poek.

⁶Jadi lamun urang ngakukeun geus aya dina kasatunggalan jeung Mantenna tapi hirup

di nu poek, eta teh bohong nya ucap nya lampah.

⁷ Lamun hirup urang geus di nu caang sakumaha Mantenna anu jadi Cahaya Caang, eta ciri diri urang geus beresih tina dosa ku karana getih Yesus Putra-Na, sarta bakal bisa hirup sabeungkeut jeung pada batur.

⁸ Lamun urang ngakukeun teu boga dosa, eta ngabobodo maneh, sarta Allah teu linggih di jero hate urang.

⁹ Sabalikna lamun ngakukeun dosa ka Allah, urang bakal dipaparin bukti tina hal jangji-Na, nya eta dihampura dosa, jeung disucikeun tina sagala lampah urang anu salah.

¹⁰ Lamun urang ngakukeun teu boga dosa, atuh urang teh sarua jeung nganggap Allah tukang bohong, sarta henteu kaancikan ku Sabda-Na.

2 ¹Anaking! Bapa nulis ieu teh rek ngelingan, aranjeun ulah milampah dosa. Tapi mun nepi ka milampah dosa, bakal dibela ku Yesus Kristus anu berbudi ka payuneun anu jumeneng Rama.

² Memang ku karana Yesus Kristus pisan pangna dosa urang dihampura teh. Tur lain dosa urang bae, dosa sakabeh jelema oge dihampura.

³ Lamun urang nurut kana timbalan-timbalan Allah, eta tandaning urang terang ka Mantenna.

⁴Anu ngakukeun terang ka Allah tapi teu nurut kana timbalana-Na, eta teh ngabohong, jeung dina hatena teu aya kayaktian ti Allah.

⁵Jelema anu nurut kana sabda Allah, nya eta anu sampurna nyaahna ka Mantenna. Tah nu kitu tandana hirup urang geus satunggal jeung Allah teh.

⁶Sing saha anu ngakukeun hirupna geus satunggal jeung Allah, lampahna kudu sakumaha lampah Kristus.

⁷Dulur-dulur, bapa lain rek nuliskeun parentah anyar. Ieu teh parentah anu bareto keneh, anu lawas, anu katarima ti heula tea, jeung geus kabarandungan ku aranjeun basa mimiti diwawarkeun.

⁸Tapina deui anu ditulis ayeuna teh jadi parentah anyar ongkoh, sabab kayaktianana geus tembong dina pribadi Kristus, oge dina pribadi aranjeun. Jadi, sajatin ing caang geus suminar, poek geus leungit.

⁹Sing saha anu ngakukeun geus aya di nu caang tapi ngewa ka dulur, saenyana hirupna nepi ka ayeuna di nu poek keneh.

¹⁰Sing saha anu nyaah ka dulur, eta ciri hirup di nu caang, jeung moal matak jadi pidosaeun batur.

¹¹Sabalikna sing saha anu ngewa ka dulur, hirupna teh di nu poek, lumakuna di nu poek, teu nyahoeun rek ka mana da teu nenjoeun naon-naon lantaran poek.

¹²Barudak, anak! Bapa nulis ieu ka maraneh teh ku sabab dosa maraneh geus dihampura, ku karana Kristus.

¹³Kaom bapa! Sim kuring nulis ieu teh lantaran aranjeun geus tarerang ka Anjeunna anu geus jumeneng ti barang mimiti. Para perjaka, bapa nulis ieu teh ku sabab maraneh garagah geus bisa ngelehkeun pangajak si Jahat.

¹⁴Barudak, anak! Bapa nulis ieu teh ku sabab maraneh geus tarerang ka anu jumeneng Rama. Kaom bapa! Sim kuring nulis ieu teh ku sabab aranjeun geus tarerang ka Anjeunna anu geus jumeneng ti barang mimiti. Para perjaka! Bapa nulis ieu teh ku sabab maraneh garagah, geus kaancikan ku sabda Allah, jeung geus bisa ngelehkeun si Jahat.

¹⁵Ulah kagendam ku perbawa dunya, atawa naon bae anu asal ti dunya. Lamun kagendam, tanda aranjeun teu nyaraah ka anu jumeneng Rama.

¹⁶Naon-naon anu aya di dunya, anu jadi panyileukan jelema dosa, anu narik ati jeung kahayang jelema, jeung saniskara bae anu aya di ieu dunya anu diugung-ugung ku jelema, sarupa ge taya anu asalna ti Rama, asal ti dunya keneh.

¹⁷Dunya ieu jeung sagala eusina anu dicileuk ku manusa teh ayeuna keur maju kana euweuh, tereh leungit; sabalikna anu

ngalampahkeun pangersa Allah mah bakal hirup salalanggengna.

¹⁸Anaking, ayeuna teh geus tereh kiamat. Maraneh geus dibejaan yen di ahir bakal aya musuh Kristus. Ayeuna musuh-musuh Kristus teh geus mimiti narembongan, cicireن geus rek ahir jaman.

¹⁹Maranehna asal ti urang keneh, ngan geus kalaluar kawantu bareto arasupna ka urang oge henteu niat saenyana. Mun rek saenyana ge tangtu tetep ngahiji jeung urang. Ayeuna geus naringgalkeun, jadi sidik kabehanana oge henteu kaasup ka urang.

²⁰Tapi aranjeun geus diterapan Roh Suci ku Kristus, jadi geus tarerang anu mana anu bener kayaktian ti Allah.

²¹Jadi bapa nulis ieu teh lain ku sabab maraneh can nyaraho kana eta kayaktian, malah ku sabab geus nyaraho kana hal eta, geus nyaraho oge yen anu bener mah moal ngabohong.

²²Nu mana atuh anu ngabohong teh? Geus tangtu anu nyebutkeun Yesus lain Kristus. Eta teh Musuh Kristus, sabab teu ngaku ka anu jadi Rama jeung ka anu jadi Putra.

²³Anu teu ngaku ka Putra-Na, eta teu ngaku ka Rama-Na. Anu ngaku ka Putra-Na, eta ngaku ka Rama-Na.

²⁴Ku sabab kitu sing pageuh percaya kana wawaran anu pangheulana. Lamun geus

pageuh kana eta, salilana bakal ngahiji jeung Putra jeung Rama.

²⁵ Ganjaranana sakumaha anu dijangjikeun ka maraneh ku Kristus, nya eta hirup langgeng.

²⁶ Bapa nulis ieu teh ngabejaan yen aya anu rek nyasabkeun ka maraneh.

²⁷ Sukur maraneh geus diterapan Roh Anjeunna. Satungtung Roh-Na aya dina hate maraneh, maraneh teu perlu diajar deui ku nu sejen, sabab Roh Anjeunna anu bakal ngawulangkeun sagala rupa kanyaho anu sayakti moal ngajarkeun anu bohong. Turut piwulang-Na, jeung sing tetep dina kasatunggalan jeung Kristus.

²⁸ Sakali deui anak ing, sing tetep satunggal jeung Anjeunna, supaya ari Anjeunna geus sumping urang bisa yakin jeung moal era-era ngadeuheusan dina Poean sumping-Na.

²⁹ Maraneh nyaho yen Kristus teh bener. Jadi kudu terang deuih yen sing saha anu lampahna bener, nurut ka Allah, eta teh putra Allah.

3 ¹ Coba lenyepkeun, kumaha asihna Rama ka urang! Kacida mikaasihna teh, nepi ka urang disebat putra-putra-Na, putra-putra Allah. Kaayaan urang kieu teh dunya mah teu nyahoeun, da teu wawuheun ka Allah.

² Tah ayeuna urang teh jadi putra-putra Allah, ngan bae tacan terang engkena kumaha. Kakara terang yen lamun Kristus

geus sumping, urang bakal jadi saperti Anjeunna, sabab bakal nenjo Mantenna kumaha nu sajatina.

³ Sing saha anu ngaharep kitu ka Kristus, tangtu ngajaga dirina sangkan beresih tina dosa, sakumaha Kristus beresih tina dosa.

⁴ Sing saha anu ngarempak timbalan Allah, eta salah, dosa, sabab dosa teh nya eta ngalawan timbalan Allah.

⁵ Aranjeun geus terang yen Kristus ngajadi jalma teh pikeun nyingkirkeun dosa manusa; geus terang yen Kristus teh suci tina dosa.

⁶ Jadi sing saha anu hirupna ngahiji jeung Kristus ulah nyieun deui dosa, da ari nyieun keneh mah tandaning can nenjo jeung can terang ka Anjeunna.

⁷ Kade anaking, ulah rek kabengbat ku sasaha. Sing saha anu milampah sapangersa Allah, eta teh putra Allah, sakumaha Kristus jadi Putra Allah.

⁸ Sing saha anu milampah keneh dosa eta teh biluk ka Iblis, sabab Iblis mah geus nyieun dosa ti barang mimiti. Tah Putra Allah ngajadi jalma teh ku karana eta, pikeun numpes gagawean Iblis.

⁹ Sing saha anu jadi putra Allah ulah migawe deui dosa, sabab geus kaancikan ku sipat Allah; jeung ku sabab Ramana teh Allah, tangtu moal bisa terus migawe dosa.

¹⁰ Ari bedana antara putra-putra Allah jeung anak-anak Iblis teh tetela pisan, nya eta:

Sing saha anu lampahna teu bener jeung teu nyaah ka dulur, eta lain putra Allah.

¹¹Ti mimiti pisan wawaran hal kayak tian anu ditepikeun ka aranjeun teh kieu amanatna: Kudu silih pikanyaah.

¹²Urang ulah cara Kain. Kain anak Iblis, geus tega maehan Habil, adina sorangan. Tina sabab naon? Tina sabab kalakuan Kain jahat, kalakuan Habil hade.

¹³Jadi lamun aranjeun dipikageuleuh ku perbawana watek dunya teh ulah heran, dulur-dulur!

¹⁴Urang terang yen urang mah geus pindah tina paeh kana hirup. Terang yen kitu teh lantaran urang mikanyaah ka dulur-dulur. Anu teu boga kanyaahan mah masih keneh dikawasaan ku paeh.

¹⁵Sing saha anu ngewa ka dulur, eta teh maehan. Ari jelema anu maehan teh teu kaancikan ku hirup langgeng.

¹⁶Urang terang naon ari kanyaahan, lantaran geus aya anu ngabukti keun, nya eta: Kristus geus ngorbankeun nyawa-Na, pupus nalangan urang. Hirup urang oge kudu dipake ngabelaan dulur-dulur!

¹⁷Lamun jelema, jegud-jegud embung nulungan dulur anu eukeur kakurangan, naon buktina pajar nyaah ka Allah teh?

¹⁸Anaking, nyaah teh ulah ngan semet biwir jeung ucap wungkul, kudu nyata dina prakna.

¹⁹Ku jalan kitu urang terang yen urang aya dina kayaktian ti Allah. Lamun geus terang kitu, urang aya di payuneun Allah teh bisa ngarasa teger.

²⁰Urang osok oge disalahkeun ku budi rasa sorangan, tapi urang terang yen Allah mah langkung punjul kauningana ti batan budi rasa urang, sarta uninga kana saniskara.

²¹Jadi, dulur-dulur, lamun tina budi rasa teu aya dakwaan naon-naon mah urang teh tangtu teger di payuneun Allah.

²²Naon bae anu ku urang disuhunkeun ka Mantenna bakal dipaparinkeun, lantaran urang nurut kana timbalana-Na jeung milampah anu kamanah ku Mantenna.

²³Ari parentah Mantenna nya eta: Urang kudu percaya ka Yesus Kristus Putra-Na, reujeung kudu silih pikanyaah sakumaha anu dipiwarang ku Kristus.

²⁴Sing saha nu nurut kana timbalan-timbalan Allah, hirupna teh satunggal jeung Allah, sarta Allah satunggal jeung dirina. Bisana ngarasa yen Allah satunggal jeung urang teh nya ku karana Roh Mantenna anu geus dikurniakeun ka urang tea.

4¹Dulur-dulur! Ulah percaya ka sambarang jelema anu majarkeun meunang Roh ti Allah. Coba heula enya lainna roh dina dirina teh Roh ti Allah, sabab ayeuna loba nabi palsu, riab ka mana-mana.

²Nganyahokeunana kieu: Lamun ngaenyakeun yen Yesus Kristus sumping-Na ngajirim manusa, enya meunang Roh ti Allah.

³Lamun ngalainkeun, roh dina dirina teh lain Roh ti Allah, tapi roh ti musuh Kristus anu memang bakal datang sakumaha anu geus kadarenge bareto ku aranjeun. Ayeuna eta musuh teh geus aya di ieu dunya.

⁴Tapi anaking, maraneh mah cangkingan Allah. Maraneh geus bisa ngelehkeun nabi-nabi palsu, sabab Roh anu aya di aranjeun leuwih punjul ti batan roh anu asal ti dunya.

⁵Ku sabab eta nabi-nabi palsu teh asal ti dunya, anu diomongkeunana oge urusan kadunyaan, tangtu bae ku urang dunya ditarurut.

⁶Ari urang mah ti Allah. Sing saha anu terang ka Allah, tangtu daekeun sakayakinan jeung urang. Anu arembungeun mah lain cangkingan Allah. Kitu ngabedakeunana antara Roh kayaktian jeung roh anu nyasabkeun.

⁷Hayu dulur-dulur urang silih pikaasih, sabab sipat asih teh asal ti Allah. Anu boga sipat asih, eta putra Allah, terang ka Allah.

⁸Anu henteu boga sipat asih teu terang ka Allah, sabab Allah teh sipat asih.

⁹Allah geus ngabuktikeun sipat asih-Na, ku ngutus Putra tunggal-Na ka ieu dunya, supaya ku jalan Putra-Na urang meunangkeun hirup.

¹⁰Sipat asih-Na teh buktina lain urang anu nyaah ka Mantenna, tapi Mantenna anu asih ka urang, nepi ka ngutus Putra-Na, sabab ngan ku jalan kitu Mantenna iasa ngahapunten dosa urang.

¹¹Ku sabab Allah sakitu mikaasihna ka urang, atuh urang oge kudu silih pikaasih.

¹²Sanajan can aya jelema anu geus nenjo Allah, tapi lamun urang silih pikanyaah, Allah teh aya di urang, satunggal jeung urang sarta mikaasih-Na teh datang ka tutugna.

¹³Ku sabab urang geus diterapan Roh-Na, yakin yen hirup urang aya dina kasatunggalan jeung Mantenna, kitu keneh Mantenna satunggal jeung urang.

¹⁴Bapa sabatur-batur papada rasul, anu geus nenjo sorangan anu jumeneng Putra teh diutus ku Rama-Na pikeun jadi Jurusalamet saalam dunya, ngawartakeun hal eta ka nu sejen.

¹⁵Jelema anu ngaku yen Yesus teh Putra Allah, hirupna satunggal jeung Allah, nya kitu keneh Allah manunggal dina hirupna.

¹⁶Bapa mah nya nyaho nya percaya Allah mikaasih ka urang teh. Allah teh sipat asih. Jadi sing saha anu nyaahan, hirupna ngahiji jeung Allah, Allah oge ngahiji dina hirupna.

¹⁷Sipat asih anu aya di diri urang bakal jadi sampurna, nepi ka urang engke teger ngadeuheus dina Poe Hukuman. Jeung tangtu

urang mah teger, lantaran hirup urang di ieu dunya geus nulad ka Kristus.

¹⁸Moal aya kasieun ari kaancikan ku asih mah. Sabab asih anu sampurna teh ngusir sagala rasa kasieun. Anu boga keneh rasa kasieun tandaning sipat asihna tacan sampurna, jadi masih bakal keuna ku hukuman.

¹⁹Urang bisa nyaahan teh lantaran Allah miheulaan asih ka urang.

²⁰Lamun aya anu majar nyaah ka Allah tapi ngewa ka dulurna, eta teh bohong. Sabab lamun ka dulur anu katenjo bungkeuleukan geus teu nyaah, komo ka Allah, anu henteu tempong.

²¹Sing saha anu nyaah ka Allah, kudu nyaah ka dulur. Kitu amanat ti Kristus.

5 ¹Anu percaya yen Yesus teh Kristus, eta putra Allah. Anu nyaah ka hiji bapa tangtu nyaah oge ka anakna.

²Ciri nyaah ka sasama putra Allah teh nya eta nyaah ka Allah jeung nurut kana parentah-Na.

³Sabab tandana nyaah ka Allah teh nurut kana parentah Mantenna. Ari parentah-parentah-Na taya anu matak teu pikadugaeun urang,

⁴sabab ungal putra Allah oge sanggup ngelehkeun dunya. Urang bisa ngelehkeun dunya teh ku iman kapercayaan.

⁵Tah lamun kitu, saha anu kuat ngelehkeun perwatek dunya? Ngan jelema anu percaya yen Yesus teh Putra Allah.

⁶Yesus Kristus teh nya eta anu sumping-Na ka dunya ku cai jeung ku getih. Ku cai, nya eta dibaptis. Ku getih, nya eta pupus ngucurkeun getih. Hal ieu dibenerkeun ku Roh Allah ku manten, roh nu sayaktina.

⁷(5: 7-8) Jadi anu nyaksian hal eta teh aya tilu nya eta: Roh Allah, cai, jeung getih. Panyaksian ieu anu tilu sarua, ngabenerkeun yen kitu.

⁸(5: 7)

⁹Lamun urang percaya kana panyaksian ti manusa, panyaksian ti Allah mah tina hal Putra-Na teh leuwih ngayakinkeun.

¹⁰Ku sabab kitu, jelema anu percaya ka Putra Allah, hatena narima kana panyaksian ti Allah. Sabalikna, anu henteu percaya kana panyaksian ti Allah tina hal Putra-Na, eta jelema teh nyaruakeun Allah jeung tukang bohong.

¹¹Eusi panyaksiana-Na nya eta: Allah ka urang maparin hirup langgeng; ari hirup langgeng sumberna di Putra-Na.

¹²Sing saha anu meunangkeun Putra-Na, meunangkeun hirup langgeng. Sing saha anu henteu meunangkeun Putra-Na, moal meunangkeun hirup langgeng.

¹³Bapa nulis ieu teh mere terang yen aranjeun geus meunangkeun hirup langgeng, da percaya ka Putra Allah.

¹⁴Jadi di payuneun Allah teh teger, lantaran yakin Mantenna kersa ngadangukeun naon bae panuhun urang anu sapuk jeung pangersa-Na.

¹⁵Iraha bae urang ngunjukkeun panuhun bakal didangu. Jeung ku sabab yakin kitu, yakin deuih Mantenna bakal ngabulkeun panuhun urang.

¹⁶Upama aya dulur migawe dosa tapi dosana teu matak maehkeun, pangnedakeun ka Allah supaya dipaparin hirup. Ieu ngan pikeun anu dosana henteu matak maehkeun. Aya dosa anu matak maehkeun, tapi pikeun anu migawe dosa kitu mah bapa teu nitah mangnedakeun.

¹⁷Kabeh lampah doraka dosa. Tapi aya dosa anu teu matak maehkeun.

¹⁸Urang terang, yen anu geus jaradi putra Allah moal kateterusan migawe dosa, sabab diasuh ku Putra Allah, moal beunang dijailan ku si Jahat.

¹⁹Urang terang yen sanajan saalam dunya dibawah ku si Jahat, urang mah aya dina cangkingan Allah.

²⁰Urang terang yen Putra Allah anu sumping mijalma teh geus maparin pangarti anu saestu ka urang, nepi ka urang terang ka Allah anu sayakti. Hirup urang satunggal

jeung Allah anu sayakti, lantaran ngahiji jeung Yesus Kristus Putra-Na. Mantenna sayaktining Allah. Mantenna nu jadi hirup langgeng.

²¹ Sing waspada anaking, sing ati-ati ka allah-allah palsu.

2 Yohanes

1 ¹Kahatur Ibu sapala putra. Ieu serat ti sim kuring, kokolot jamaah, anu enya-enya nyaah ka Ibu. Sanes sim kuring bae anu nyaah teh, nu sanes-sanesna oge anu parantos tarerangeun ka Allah mah nyaraaheun ka Ibu,

²wantu-wantu eta kayaktian teh parantos jadi milik urang salalanggengna.

³Mugia Allah Rama sareng Yesus Kristus Putra-Na maparin sih kurnia, sih piwelas sareng karahayuan ka urang.

⁴Bapa kacida bungahna aya putra Ibu anu lumampah dina kayaktian, narurut kana timbalan Allah Rama.

⁵Maksud bapa nyuratan teh arek ngajak ka Ibu, hayu urang silih pikanyaah. Ieu hal kudu silih pikanyaah teh sanes timbalan anyar, timbalan nu bareto keneh anu mimiti katarima ku Ibu tea.

⁶Ari hartina mikanyaah teh nya eta hirup anu nurut kana parentah Allah. Ari timbalana-Na anu katarima ku Ibu bareto nya eta miwarang silih pikanyaah.

⁷Ibu, ayeuna seueur jelema tukang nyasabkeun, riab ka sakuliah jagat, anu ngamustahilkeun Yesus Kristus sumping ka

dunya nganggo raga manusa. Jelema anu kitu teh tukang ngalejokeun, Musuh Kristus.

⁸Sing ati-ati, beubeunangan bapa ihtiar pikeun kasalametan Ibu teh ulah nepi ka dilesotkeun, bapa kacida ngaharep hasilna anu mucukil ti Ibu.

⁹Margi sing saha anu ingkar tina piwulang Kristus, anu nytingkahan, eta teh ingkar ti Allah. Sabalikna, sing saha anu tigin kana eta piwulang, hirupna teh satunggal sareng anu jumeneng Rama, satunggal sareng anu jumeneng Putra.

¹⁰Ku sabab kitu, upama engke Ibu kadatangan jelema anu mawa pangajaran sanes piwulang Kristus, ulah ditarima, ulah dibagea-bageakeun acan.

¹¹Margi ngabageakeun jelema kitu mah sami jeung daek milu kana kadorakaanana.

¹²Seueur keneh picarioseun mah, tapi asa leuwih sae ulah ku serat. Engke bae ari bapa ka dieu da parantos aya maksud, ambeh cacap karasa bungahna ku sarerea.

¹³Aya salam ti putra-putrana saderek istri Ibu.

3 Yohanes

1 ¹Serat sim kuring, Kokolot jamaah,
nepangan Gayus mitra sim kuring
kanyaah hate.

²Mugi anjeun aya dina kawilujengan,
lulus mulus dina sagala perkawis, saperti
mulusna kaayaan batin anjeun anu parantos
kanyahoan ku sim kuring.

³Sim kuring kacida bungahna dicariosan
ku sababaraha dulur anu kakara daratang ti
dieu, nyarioskeun kasaregepan anjeun tumut
kana kayaktian ti Allah. Ongkoh anjeun mah
salamina ge lumampah dina jalan anu bener.

⁴Teu aya deui anu matak leuwih bungah
salian ti nguping nu jadi anak bener
lampahna.

⁵Saderek sakitu satiana ngajalankeun damel
keur dulur-dulur sasama Kristen, samalah
dulur-dulur Kristen anu ku anjeun tacan
dikenal oge ku anjeun dilayanan.

⁶Eta kanyaah saderek teh ku maranehna
dicarioskeun di jamaah di tempat sim kuring.
Mugi ulah kapalang nulung ka eta dulur-dulur
supaya bisa neruskeun perjalananana.
Kumaha bae akalna mah asal anu kamanah
ku Allah,

⁷ margi arinditna pikeun ngalayanan Kristus teh teu kenging bantuan naon-naon ti jalma-jalma anu teu palercaya ka Allah.

⁸ Nya urang anu wajib ngabantu, tanda urang ngarojong kana tugasna ngawawarkeun kayaktian.

⁹ Ka jamaah anu bakal didongkapan sim kuring parantos ngirim surat saeutik. Tapi Diotrepes, jelema anu hayang jadi pamingpin di eta jamaah embungeun narima omongan sim kuring.

¹⁰ Engke lamun sim kuring ka ditu kalakuanana rek diomongkeun, da eta teh ngagogoreng ka urang, nyebankeun bohong. Teu cukup ku sakitu, da carekna eta dulur-dulur urang teh moal rek ditarima. Malah ngati-ngati ka nu sejen ulah aya anu daek narima. Lamun aya anu daek narima arek diusir ti jamaah!

¹¹ Tangtos bae anu awon kitu mah sanes turutaneun. Urang mah urang nulad ka nu hade bae. Margi sing saha anu hade kalakuan, eta tandana umat kagungan Allah, sing saha anu awon kalakuan, tandana can terang ka Allah.

¹² Sabalikna aya deui saurang, ngaranna Demetrius. Eta mah pada muji, malah Allah oge muji, nya kitu deui sim kuring, margi enya eta mah pujieunana teh.

¹³ Seueur keneh anu hayang dicarioskeun teh, ngan moal dina serat,

¹⁴engke bae ari pendak, margi sim kuring
gaduh maksud enggal-enggal mendakan.
(1-15) Mangga, wilujeng. Aya salam ti sadaya
rerencangan di ditu. Kintun salam ka sadaya
rerencangan di dieu.

Yudas

1 ¹Kahatur dumateng dulur-dulur, anu parantos disaur ku Allah, anu diauban ku kaasih Allah nu jumeneng Rama, anu diraksa ku Yesus Kristus. Surat sim kuring, Yudas dulurna Yakobus, rasulna Yesus Kristus.

²Mugia aranjeun mareunang rahmat rahayu jeung nugraha ti Allah.

³Dulur-dulur! Barang aya pikiran hayang nyuratan ka aranjeun perkara kasalametan anu geus jadi milik urang sarerea, karasa pisan perluna nyuratan teh, sabab kudu buru-buru ngahatean supaya aranjeun parengkuh kana kayakinan iman paparin ti Allah ka sakabeh umat-Na, sakali keur salalawasna.

⁴Urang teh geus kaasupan sawatara jelema anu teu percaya ka Allah, anu muter balik wawaran hal sih kurnia Allah urang, ngarah maranehna laluasa ngalampahkeun kagoreanganana. Eta teh henteu ngaraku ka Yesus Kristus anu jadi Panguasa tunggal, Gusti urang. Hukuman pikeun jelema-jelema karitu ti baheula keneh geus disebut-sebut dina Kitab Suci.

⁵Allah geus ngajait urang Israil ti Mesir, tapi saterusna umat-Na anu henteu palercaya kana pangandika-Na mah ku Mantenna

dibasmi. Aranjeun geus tarerang hal eta tapi ku sim kuring ayeuna diingetan deui.

⁶Sarta sing aringet oge, malaikat-malaikat anu parundung ti tempatna lantaran teu sarugema ku pangkatna, ku Allah diberok di tempat anu poek mongkleng di handap, ditarogod ku rante langgeng, ngadago hukumanana engke dina poe nu hebat.

⁷Nya kitu deui halna urang Sadumu jeung Gomora jeung kota-kota anu dareukeut ka dinya. Eta oge cara malaikat-malaikat anu jarahat tea, jeung baroga kabiasaan sambung sahwat henteu wajar sarta kacida aebna. Maranehna manjing siksa seuneu langgeng, conto goreng pikeun ngelingan manusia.

⁸Anu nyarulusup ka urang tea oge jalma-jalma kawas kitu, katut jeung pangimpian-pangimpianana. Awakna diparake kana hal-hal anu najis. Maranehna ngarerendah kakawasaan Allah, jeung ngahina ka mahluk-mahluk mulya di sawarga.

⁹Padahal Mikail ku anjeun, kapala malaikat, tara kitu. Waktu anjeunna padu jeung Iblis parebut hak kana layon Musa, teu wantuneun nganggo kecap-kecap anu sipatna ngahina, ukur nyaurkeun kieu, "Sing dibendon anjeun ku Allah!"

¹⁰Ari jelema-jelema anu kasebut bieu, geus wani ngayehkeun kana hal-hal anu tacan katepi ku pangartina, kakara ceuk nalurina

anu henteu jeung pikiran, kawas sato bae.
Tangtu dirina keneh anu bakal katempuhan.

¹¹ Pasti cilaka eta jelema-jelema teh!
Lampahna nuturkeun jalan anu disorang ku
Kain. Ari kana piduiteun sok nepi ka make
cara anu dijalankeun ku Balhum. Sipatna
ngalawan ngala ka Korah anu ngabaha tea.
Maranehna oge tangtu carilaka cara Korah.

¹² Dina dahar ngariung jeung sajamaah
ngadon marabok pikageuleuheun, lir kokotor
anu namblog dina dahareun. Teu baroga
kaera, sararakah dapon ngareunah sorangan.
Kalakuanana ibarat mega ditiuang angin tapi
teu nurunkeun hujan; ibarat tangkal nu tara
buahan kajeun keur usum, cara tangkal anu
geus rungkad jeung akar-akarna, kawas
tangkal paeh.

¹³ Pametana cara ombak laut, sarawak-
suruwuk tuluy ngabudah, teu baroga
kaera, lir bentang idor salah jalan, anu
ditempatkeunana ku Allah di nu salawasna
poek ngajumbleng.

¹⁴ Hal jelema-jelema anu kawas kieu baheula
geus diwejangkeun ku Hanok, turunan Adam
anu katujuh, kieu, "Pangeran baris sumping
diiring ku mangrebu-rebu malaikat anu
saruci,

¹⁵ kersa-Na mariksa perkara sakabeh jelema,
baris ngahukum ka sakur anu kalakuanana
doraka, anu omong-omonganana nyarogok
ngalawan ka Mantenna!"

¹⁶Ka nu sejen gawena ngan kukulutus jeung nyalah-nyalahkeun; hirup ngumbar napsu nu doraka, maruji maneh, tapi ka anu aya piuntungeunana mah mani ngugung-ngugung.

¹⁷Tapi dulur-dulur sing aringet kana kasauran rasul-rasulna Gusti urang Yesus Kristus, bareto.

¹⁸Geuning saur aranjeunna kieu, "Mun geus deukeut kana ahir jaman, bakal aya anu daratang maroyokan ka aranjeun, jalma-jalma purah ngumbar napsu anu doraka."

¹⁹Eta jelema-jelema teh bakal ngayakeun pabengkahan, hirupna diranjah ku hawa napsuna, henteu diancikan ku Roh Suci.

²⁰Tapi sing tagen, dulur-dulur! Masing ajeg ngadeg dina kayakinan iman, sabab iman eta teh iman anu panguci-sucina. Kudu neneda ka Allah bari muntang kana kakawasaan Roh Suci.

²¹Sing hirup nyalindung kana asihing Allah, sapanjang aranjeun ngaharepkeun nugraha Gusti urang Yesus Kristus, anu baris nyandak urang kana hirup anu sayakti jeung langgeng.

²²Jeung kudu karunya ka batur anu keur bingbang hirupna.

²³Kenyang jalma-jalma tina jero seuneu sina saralamet. Ka nu sejenna kudu nembungkeun rasa karunya campur kasieun, tapi kudu

geuleuh kana "papakeanana" anu lamokot ku hawa napsuna anu pikagirukeun.

²⁴Ka Mantenna, anu kawasa ngaraksa ka aranjeun sangkan hirup aranjeun henteu labuh, anu kawasa nyandak aranjeun ka payuneun kamulyaana-Na dina kaayaan bagja jeung tanpa cela,

²⁵ka Mantenna, Allah nu jadi Jurusalamet urang ku karana Yesus Kristus Gusti urang, kasanggakeun kamulyaan, kaagungan, kadigjayaan jeung kakawasaan, ti baheula-baheula, nepi ka ayeuna, nepi ka engke, salalanggengna! Amin.

Wahyu

1 ¹Ieu kitab medar wahyu ti Allah ka Yesus Kristus ngeunaan perkara-perkara anu geus meh kajadian, supaya ku Anjeunna ditembongkeun ka abdi-abdi-Na. Kristus ngutus malaikat-Na nembongkeun ieu wahyu ka Yohanes, abdi-Na.

²Yohanes medar sagala titingalianana anu diebrehkeun ku Yesus Kristus, nya eta amanat Allah jeung perkara-perkara anu sayaktina.

³Bagja anu maca ieu kitab, anu ngadenge ieu ucapan nubuat sabda Allah, jeung ngimankeun ka sakur anu ditulis dina ieu kitab! Sabab sakur anu diwahyukeunana teh geus tereh bukti.

⁴Dulur-dulur di tujuh jamaah di wilayah Asia! Kaula Yohanes. Mugia dulur-dulur dipaparin rahmat rahayu ti Allah, Allah nu keur aya, nu geus aya, jeung nu aya saterusna, jeung ti tujuh roh anu aya di hadirat tahta Allah,

⁵jeung ti Yesus Kristus, Saksi anu satia, Putra cikal, anu pangheulana digugahkeun tina maot, panguasa raja-raja saalam dunya. Kristus teh asih ka urang, pupus-Na teh ngajait urang tina dosa,

⁶sarta urang dijadikeun hiji karajaan imam-imam anu kumureb ka Allah, Panutan jeung Rama Anjeunna. Kaagungan,

kakawasaan, kasanggakeun ka Yesus Kristus salalanggengna! Amin.

⁷ Tenjo, Kristus geus sumping dina mega! Bakal katembong ku saban jalma, kaasup jalma-jalma anu numbak ka Anjeunna. Jelema saalam dunya bakal tingkoceak nenjo Anjeunna. Geus pasti!

⁸ "Kami teh Nu Awal jeung Nu Panutup," dawuhan Pangeran, Allah Nu Maha Kawasa, nu aya, nu geus aya, nu aya saterusna.

⁹ Kaula Yohanes dulur aranjeun, panganut Yesus, batur tabah dina kasangsaraan anu kasorang ku sakabeh warga Pamarentahan Allah. Kaula aya di pulo Patmos keur dibuang, lantaran ngembarkeun sabda Allah jeung perkara-perkara anu sayaktina anu diebrehkeun ku Yesus.

¹⁰ Dina Poean Gusti, kaula kapurba ku Roh Allah, ngadenge anu sasauran ti tukangeun, gentrana tarik kawas sora tarompet, kieu:

¹¹ "Tetenjoan maneh tuliskeun, bukuna kirimkeun ka tujuh jamaah di Epesus, Semirna, Pergamus, Tiatira, Sardis, Piladelpia, jeung Laodikea."

¹² Kaula malik hayang nenjo anu sasauranana. Kaula ningal tujuh suku lampu emas.

¹³ Di antara eta barang aya hiji wujud anu siga manusa, nganggo jubah panjang ngangsar kana sampeana-Na, harigu-Na nganggo beulitan emas.

¹⁴Rambut-Na bodas kawas kapas atawa kawas salju, soca-Na hurung siga seuneu,

¹⁵sampeana-Na gilap kawas tambaga beunang nyaling, gentra-Na sada guruhna curug.

¹⁶Panangan tengen-Na nyepeng tujuh bentang, tina baham-Na bijil pedang anu dua seuseukeutna. Raray-Na moncorong lir srangenge keur manceran.

¹⁷Bruk kaula ngarumpuyuk kana sampeana-Na, ngalumbuk kawas nu paeh. Anjeunna nyabak ka kaula ku panangan tengen bari ngalahir, "Ulah sieun! Ieu Kami, Nu Awal jeung Nu Panutup.

¹⁸Kami teh anu jumeneng. Kami geus paeh, tapi ayeuna Kami hirup salalanggengna. Kami kawasa kana paeh jeung ka tempat nu paraeh.

¹⁹Tuliskeun sakur anu katenjo, boh nu ayeuna boh nu bakal kajadian sanggeusna.

²⁰Kieu harti rasiah ieu tujuh bentang dina leungeun katuhu Kami jeung ieu tujuh suku lampu emas: Tujuh bentang hartina tujuh malaikat ti tujuh jamaah, tujuh suku lampu hartina tujuh jamaah."

2¹"Tulis pikeun malaikat jamaah di Epesus: Ieu amanat ti nu nyekel tujuh bentang dina leungeun katuhu, anu leumpang di antara tujuh suku lampu emas.

²Kami nyaho kumaha panggawe maneh. Maneh geus banting tulang jeung sakitu

mantepna. Kami nyaho, jalma-jalma jahat ku maneh tara dibere ampun, anu ngaku-ngaku rasul ku maneh didoja sarta kaboker yen lain rasul.

³ Maneh sabar, geus nandangan sangsara ku karana Kami tapi tetep mantep.

⁴ Tapi Kami aya cawadeun ka maneh, sabab maneh geus teu nyaah ka Kami cara keur anyaran.

⁵ Maneh geus pohara tibeubeutna! Geura tobat, kudu milampah deui cara keur basa mimiti. Lamun teu tobat tina dosa, suku lampu anu di maneh ku Kami rek dicokot tina tempatna.

⁶ Tapi maneh aya keneh alusna, sabab maneh ceuceub kana tingkah laku para panganut Nikolaus anu ku Kami dipikaceuceub.

⁷ Ku sabab kitu lamun enya boga ceuli, regepkeun kumaha dawuhan Roh Allah ka jamaah-jamaah! Sing saha nu unggul, ku Kami rek dibere ngadahar buah tangkal kahirupan nu aya di Taman Allah."

⁸ "Tulis pikeun malaikat jamaah di Semirna: Ieu amanat ti Nu Awal jeung Nu Panutup, nu geus nyorang ajal jeung nu geus hirup deui.

⁹ Kami nyaho kalaraan maneh. Kami nyaho maneh teh miskin tapi saenyana beunghar! Kami nyaho maneh digogoreng ku jelema-jelema anu ngaku urang Yahudi padahal lain, saenyana mah umatna Iblis!

¹⁰ Ulah sieun ku kasangsaraan anu bakal kasorang. Dengekeun! Maraneh bakal digoda ku Iblis, maraneh sawareh rek dijeblos-jebloskeun ka panjara. Eta kasangsaraan lilana sapuluh poe. Sing tetep satia ka Kami sanajan kudu nepi ka ajal, tan wande ku Kami diganjar hirup anu sajati.

¹¹ Ku sabab eta, lamun enya mah boga ceuli, regepkeun kumaha dawuhan Roh Allah ka jamaah-jamaah! Sing saha nu unggul, moal keuna ku siksaan maot anu kadua."

¹² "Tulis pikeun malaikat jamaah di Pergamus: Ieu amanat ti nu nyangking pedang anu dua seuseukeutna.

¹³ Kami nyaho di mana padumukan maneh, nya eta di tempat Iblis ngageugeuh. Tapi maneh tetep satuhu ka Kami. Malah basa Antipas saksi Kami nu satia dipaehan dihareupeun maneh di eta enggon Iblis ngawasa, maneh tetep henteu miceun kapercayaan maneh ka Kami.

¹⁴ Tapi Kami aya kateupanuju saeutik, sabab di maraneh aya jelema-jelema anu nganut paham Balhum anu mamatahan ka Balak tea sina nyasabkeun urang Israil dititah ngadalahar sasajen anu disuguhkeun ka brahala jeung dititah patemon cabul.

¹⁵ Nu sawareh deui nganut pangajaran Nikolaus.

¹⁶Eta dosa geura piceun! Lamun henteu, Kami arek buru-buru datang, numpes anu karitu ku pedang tina baham Kami.

¹⁷Ku sabab kitu, lamun enya boga ceuli, regepkeun kumaha dawuhan Roh Allah ka jamaah-jamaah! Sing saha nu unggul, ku Kami rek dibere ngadahar manna gaib. Jeung masing-masing rek dibere batu bodas nu diukiran ku hiji ngaran anyar nu moal aya nu nyaho, salian ti anu narimana."

¹⁸"Tulis pikeun malaikat jamaah di Tiatira: Ieu amanat ti Putra Allah, anu socana hurung kawas seuneu, anu sampeana-Na kawas tambaga disangling.

¹⁹Kami nyaho panggawe maneh. Kami nyaho kanyaah maneh, kasatiaan maneh, pangabdian maneh, jeung kasabaran maneh. Kami nyaho eta kabeh dilakonan ku maneh leuwih ti basa keur anyaran.

²⁰Tapi Kami aya kateupanuju, sabab awewe nu ngaran Isebel, anu ngaku-ngaku jadi utusan Allah ku maneh disabaran bae. Loba abdi Kami anu geus sasab ku pangajaranana, ngalalampahkeun patemon cabul, jeung ngadalahar sasajen anu disuguhkeun ka brahala.

²¹Si Isebel ku Kami geus ditempoan sina tobat, tapi teu tobat-tobat, tetep bae nyieun kaaeban.

²²Ku sabab kitu ku Kami rek dibantingkeun kana pagedenganana, sarta anu lalacur

ka manehna sina narandangan kanyeri anu taya papadana, sarta rek dijalankeun ayeuna keneh ku Kami, kajaba lamun tarobat teu marilu deui jahat jeung eta awewe.

²³Panganutna kabeh rek dipaehan, supaya jamaah-jamaah nyaraho yen Kami teh anu nyaho kana pikiran jeung angen-angen tiap manusa. Unggal jalma ku Kami rek dibales satimpal jeung lampahna.

²⁴Tapi maraneh nu sejen-sejenna di Tiatira, henteu kabawa ku eta pangajaran jahat, teu mariku diajar elmu anu disebut rasiah-rasiah Iblis anu jarero. Kami jangji moal nambah kasusah nanaon deui.

²⁵Tapi kudu teguh kana iman nu ayeuna nepi ka Kami datang.

²⁶(2: 26-28) Sakur nu unggul, anu ngalampahkeun pangersa Kami nepi ka tutug, rek dibere kawasa sakumaha kawasa anu katarima ku Kami ti Ama Kami, nya eta kawasa murba ka bangsa-bangsa, kawasa marentah jeung ngagitik maranehna ku iteuk beusi datang ka bubuk kawas pariuk remuk. Jeung rek dibere bentang pajar.

²⁷(2: 26)

²⁸(2: 26)

²⁹Ku sabab kitu, lamun enya baroga ceuli, regepkeun kumaha dawuhan Roh Allah ka jamaah-jamaah!"

3¹"Tulis pikeun malaikat jamaah di Sardis: leu amanat ti nu kagungan tujuh Roh

Allah jeung tujuh bentang. Kami nyaho panggawe maneh. Kami nyaho yen maneh teh kasebutna bae hirup, da saenyana mah maneh teh paeh!

²Geura nyaring! Sing pageuh nyangking anu masih keneh kapimilik meungpeung can mudedes pisan. Sabab pagawean maneh di payuneun Allah Kami kasampak heunteu sampurna.

³Sing inget kana amanat anu diajarkeun ka maneh, kumaha piwurukna. Turutkeun, tuluy tobat. Lamun maneh heunteu nyaring, moal nyaho kana pidatangeun Kami, saperti moal nyaho pidatangeun bangsat.

⁴Sukur di maneh di Sardis aya keneh saeutik jelema-jelema anu ngajaga pakean maneh tetep beresih, jadi maneh layak leumpang jeung Kami make pakean bodas.

⁵Sing saha nu unggul, bakal make pakean kitu bodasna, jeung ngaranna ku Kami moal dicoret tina kitab catetan anu harirup, bakal diangken yen kagungan Kami di hadirat Ama Kami jeung para malaikat-Na.

⁶Ku sabab kitu lamun enya boga ceuli, regepkeun kumaha dawuhan Roh Allah ka jamaah-jamaah!"

⁷"Tulis pikeun malaikat jamaah di Piladelpia: Ieu amanat ti nu suci jeung saestu, anu nyekel konci Daud; panto anu enggeus dibuka ku Kami moal aya anu bisa meundeutkeun;

panto anu geus dipeundeutkeun ku Kami moal aya anu bisa muka.

⁸Kami nyaho panggawe maneh; Kami nyaho tangga maneh teu sabaraha; Kami nyaho maneh nurut kana piwuruk Kami, satia ka Kami. Maneh ku Kami geus dipangmukakeun panto, pantona moal aya anu bisa nutupkeun.

⁹Dengekeun! Di maneh aya jelema-jelema umatna Iblis, anu ngaku-ngaku urang Yahudi padahal lain. Ku Kami rek dipaksa daratang ka maneh, sina nyium suku maneh. Sina nyarahoeun kabeh yen maneh teh anu dipikanyaah ku Kami.

¹⁰Ku sabab maneh tagen jeung tigin kana parentah Kami, Kami ge rek ngajaga ka maneh, supaya maneh luput tina kasukeran anu bakal narajang ka alam dunya pikeun nguji kapengkuhan manusia.

¹¹Kami teh tereh datang. Sakur anu geus beunang ku maneh cekel sing pageuh, supaya ganjaran kaunggulan maneh ulah aya anu ngarebut.

¹²Jelema anu unggul ku Kami rek dijadikeun ibarat hiji tihang baitna Allah Kami sarta moal ngiser deui ti dinya. Dirina rek diukiran ku jenengan Allah Kami jeung ngaran kota panglinggihana-Na, nya eta Yerusalem anyar, anu bakal turun ti sawarga, ti Allah Kami. Kitu deui ngaran Kami anu anyar rek diukir dina dirina.

¹³Ku sabab kitu lamun enya boga ceuli, regepkeun kumaha dawuhan Roh Allah ka jamaah-jamaah!"

¹⁴"Tulis pikeun malaikat jamaah di Laodikea: Ieu amanatna Amin, Saksi anu satia jeung satuhu, anu ngagelarkeun sakabeh ciptaan Allah.

¹⁵Kami nyaho panggawe maneh; Kami nyaho maneh teh teu tiis teu panas. Mending tiis, atawa panas!

¹⁶Ku sabab hareuyheuy, panas henteu tiis henteu, maneh ku Kami rek diburakeun!

¹⁷Ceuk maneh: Aing beunghar, senang sagala boga. Padahal maneh teh masakat, pikawatireun! Muluntu, taranjang, lolong!

¹⁸Ku sabab kitu geura meuli ti Kami emas tulen, supaya beunghar. Geura meuli ti Kami pakean bodas, pikeun mungkus awak anu taranjang, ngerakeun. Geura meuli ti Kami peureuh mata, peureuhkeun sangkan maneh bisa nenjo.

¹⁹Anu ku Kami sok diseukseukan jeung diwarah, tandaning dipikanyaah. Ku sabab kitu sing saregep, geura tobat.

²⁰Ieu Kami geus ngetrokan panto. Anu malire kana sora Kami jeung muka panto, tangtu ku Kami dicalikan Kami rek milu dahar di imahna babarengan.

²¹Saha-saha anu unggul ku Kami rek dibawa diuk ngarendeng dina tahta Kami, cara Kami

sanggeusna unggul diuk gedengeun Ama
Kami dina tahta-Na.

²²Ku sabab kitu lamun enya boga ceuli,
regepkeun kumaha dawuhan Allah ka
jamaah-jamaah!"

4 ¹Sanggeus eta, harita keneh aya
tinggalan sejen. Di sawarga aya panto
muka, jeung aya nu ngagenta kawas
sora tarompet, gentra-Na saperti anu ti
heula sasauran ka kaula tea, saur-Na:
"Ka dieu unggah, Kami rek nembongkeun
kajadian-kajadian saterusna!"

²Harita keneh kaula kapurba ku Roh Allah,
ningal di sawarga aya anu keur linggih dina
tahta.

³Pameunteu-Na mancur siga cahaya batu
widuri pandan jeung permata dalima. Tahtana
sakurilingna dikubengan ku katumbiri warna
jambrut,

⁴diputer ku dua puluh opat tahta anu
dicaralikan ku dua puluh opat sepuh anu
anggoanana bodas jeung ngaranggo makuta
emas.

⁵Tina tahta bijil kilat kekerelepan jeung sora
gugur tinggulugur. Di hareupeun tahta aya
anu hurung saperti obor reana tujuh, nya eta
tujuh Roh Allah.

⁶Di hareupeun tahta keneh aya nu siga
lautan kaca herang ngalenggang kawas
kristal. Eta tahta opat sisina dilingkung

ku opat mahluk hirup, anu awakna bagian tukang jeung hareup pinuh ku mata.

⁷ Bangunna nu kahiji siga singa, nu kadua siga sapi jalu, nu katilu beungeutna siga beungeut jelema, nu kaopat siga manuk rajawali keur ngalayang.

⁸ Opatanana baroga jangjang genep-genep anu luar jerona katutup ku mata. Beurang peuting eta opat mahluk hirup teh teu eureun-eureun mumuji: "Suci-suci, suci Gusti Allah Nu Maha Kawasa, nu aya, nu geus aya, nu aya saterusna."

⁹ Kitu pupujianana, ngamulyakeun, ngahormat, jeung muji sukur ka nu linggih dina tahta, anu jumeneng salalanggengna.

¹⁰ Waktu eta opat mahluk hirup maruji, sepuh-sepuh anu dua puluh opat teh bruk nyaruuh ka hadirat anu linggih dina tahta, ngabakti ka anu jumeneng salalanggengna, ari makuta-makutana digolosorkeun ka hareupeun tahta, tuluy nyembahkeun piunjuk:

¹¹ "Nun Pangeran, nun Allah! Mung Gusti anu layak diagungkeun, dihormat, nu layak nyangking kawasa. Reh Gusti teh nu nyiptakeun saniskara, nya ku karana pangersa Gusti eta sadaya kumelip hirup."

5¹ Dina panangan katuhu anu linggih dina tahta aya gulungan kitab anu dielak ku tujuh segel, bulak-balik pinuh ku tulisan.

²Aya hiji malaikat gagah, cumeluk handaruan, "Saha anu layak ngalaan segelna muka eta kitab?"

³Sihoreng saurang ge tacan aya anu bisa muka segelna jeung nenjo eusi eta kitab, boh nu di sawarga, boh nu di bumi, boh nu di handapeun bumi.

⁴Ku sabab taya anu layak muka jeung ngilik eusi eta kitab, kaula kacida nalangsana nepi ka ceurik.

⁵Tapi saur sepuh nu saurang ka kaula, "Ulah ceurik. Tuh! Singa kaom Yuda nu agung turunan Daud geus unggul. Eta anu iasa muka gulungan kitab, ngalaan tujuh segelna."

⁶Breh di tengah-tengah tahta anu dikurilingan ku opat mahluk hirup jeung ku para sepuh teh aya Anak Domba, dina beuheungna aya ceda kawas tapak meuncit. Eta Anak Domba tandukna tujuh panonna tujuh, nya eta tujuh Roh Allah anu diutus ka sakuliah dunya.

⁷Eta Anak Domba teh maju nampanan gulungan tea tina panangan katuhu anu linggih dina tahta.

⁸Brek bae opat mahluk hirup jeung dua puluh opat sepuh teh sarujud ka eta Anak Domba. Para sesepuh teh masing-masing nyekel kacapi jeung pinggan emas anu eusina seuseungitan. Eta seuseungitan teh nya eta panedana umat Allah.

⁹ Aranjeunna ngawihkeun hiji pupujian anyar, ungelna: "Nya Andika anu layak nampina, sareng muka segel-segelna. Reh Andika parantos ditelasan. Nyawa Andika nebus umat Allah sakumna, ti saban kaom, saban basa, saban bangsa, saban seler bangsa.

¹⁰ Maranehna ku Andika dijadikeun hiji karajaan, karajaan imam-imam nu ngabdi ka Allah urang, sina nyakrawati marentah bumi."

¹¹ Breh deui kaula ningal jeung ngadenge sora malaikat, lobana mangrebu-rebu jeung mangjuta-juta! Eta para malaikat narangtung ngalingkungan tahta, opat mahluk hirup, jeung para sesepuh,

¹² tuluy ngarawih sorana tarik: "Anak Domba nu geus ditelasan, layak nampi kakawasaan, kamuktian, kaluhungan, jeung kakuatan, kamulyaan, kaagungan, jeung pujian!"

¹³ Jeung kaula ngadenge mahluk-mahluk nu di sawarga, nu di bumi, nu di handapeun bumi, jeung nu di laut, cindekna sakabeh pangeusi jagat raya, ngarawih: "Sanggakeun ka Mantenna, anu linggih dina tahta, jeung ka Anak Domba: Puji jeung bakti, kamulyaan jeung kaperkosaan, salalanggengna!"

¹⁴ Disambut ku opat mahluk hirup tea, pokna: "Amin!" Brek para sesepuh sarujud.

6 ¹ Ti dinya segel anu kahiji ku Anak Domba dibuka. Mahluk hirup anu hiji ngucap, tarik sada gelap, "Hiap!"

²Kaula nenjo hiji kuda bodas. Anu tumpakna nyekel gondewa, tuluy diserenan makuta, semprung maju jadi nu unggul tukang naluk-nalukkeun.

³Anak Domba muka segel anu kadua. Mahluk hirup anu kadua ngucap, "Hiap!"

⁴Kaula nenjo hiji kuda beureum. Nu tumpakna diserenan pedang gede jeung dibere kawasa ngayakeun peperangan di bumi supaya manusa silih paehan.

⁵Anak Domba muka segel nu katilu. Mahluk hirup nu katilu ngucap, "Hiap!" Kaula nenjo hiji kuda hideung. Nu tumpakna nyekel taraju sapasang.

⁶Ti lebah mahluk hirup anu opat tea bijil soara, pokna, "Gandum saliter keur upah sapoe, hanjeli tilu liter keur upah sapoe. Tapi tangkal jetun jeung kebon anggur ulah diruksak!"

⁷Anak Domba muka segel nu kaopat. Mahluk hirup nu katilu ngucap, "Hiap!"

⁸Kaula nenjo hiji kuda warna pias. Anu tumpakna dingaranan Paeh, dibarengan ku Alam Paeh anu nuturkeun deukeut pisan ti tukangeunana; duanana diserenan kawasa pikeun maehan manusa saparapat dunya ku perang, ku kalaparan, ku pagebug jeung ku sato-sato galak.

⁹Anak Domba muka segel nu kalima. Breh di handapeun altar katenjo aya nyawa para sahid, anu diparaehan lantaran nguarkeun

sabda Allah jeung saratia nerangkeun hal kayaktianana.

¹⁰ Nyawa para sahid teh nyoara tarik pisan, pokna, "Nun Gusti Nu Maha Kawasa, anu suci sareng sipat saestu! Iraha Gusti bade mariksa sareng ngahukum jalmi-jalmi nu di bumi, nu parantos maehan ka abdi-abdi?"

¹¹ Seug maranehna masing-masing dileler jubah warna bodas jeung ditimbalan reureuh heula sakeudeung, ngadago sasamana ngabdi anu oge bakal diparaehan kawas maranehna, supaya jangkep kabeh.

¹² Anak Domba muka segel anu kagene. Tuluy aya lini kacida rongkahna, reup panonpoe pareum, ngabelegbeg kawas cita hideung kasar, bulan robah jadi beureum kawas getih,

¹³ bentang-bentang ragragan ka bumi kawas buah kondang tacan asak geus murubut digedang ku angin gede.

¹⁴ Langit leungit lir digulungkeun, gunung-gunung jeung pulo-pulo ngaleser tina tempatna.

¹⁵ Nu aya di bumi, raja-raja, kapala-kapala, panglima-panglima perang, nu baleunghar jeung jugala jeung salianna, nu karumawula, nu lalugina, maribus ka guha-guha jeung ka handapeun-handapeun cadas di gunung-gunung.

¹⁶ Maranehna ngaromong ka eta gunung-gunung jeung cadas-cadas dari tingjarerit,

"Kuring urugan! Bunikeun ti soca anu linggih dina tahta! Sumputkeun ti Anak Domba anu keur amarah!"

¹⁷ Poe pikasieuneun anu pinuh ku amarah maranehna geus datang, saha nu tahan?"

7 ¹Sanggeus kitu aya opat malaikat narangtung di opat juru bumi, nahan angin anu opat supaya henteu nebak ka bumi atawa ka laut atawa kana tatangkalan.

²Jebul hiji deui malaikat ti beulah wetan, mawa hiji cap ti Allah anu jumeneng, cumeluk ka malaikat anu opat anu dibere kawasa pikeun ngaruksak daratan jeung lautan,

³kieu cumelukna, "Daratan, lautan, tatangkalan, ulah waka dibasmi! Urang ngecapan heula tarang jalma-jalma anu ngarabdi ka Allah urang!"

⁴Ti dinya kaula dibejaan yen anu dicapan tarangna ku cap Allah teh aya 144.000 urang ti dua welas kaom Israil,

⁵(7: 5-8) sakaomna masing-masing 12.000 urang, nya eta ti kaom-kaom Yuda, Rubin, Gad, Aser, Naptali, Menase, Simon, Lewi, Isaskar, Sebulun, Yusup, jeung Binyamin.

⁶(7: 5)

⁷(7: 5)

⁸(7: 5)

⁹Sanggeus kitu kaula ningal jelema kacida lobana nepi ka moal kaitung. Campur ti sagala bangsa, kaom, seler bangsa, katut basa-basana, narangtung di hareupeun tahta

jeung Anak Domba, marake jubah bodas
jeung nyarekel palapah daun palem.

¹⁰ Maranehna nyoara tarik ngucapkeun,
"Kasalametan teh ti Allah urang, anu linggih
dina tahta, jeung ti Anak Domba!"

¹¹ Para malaikat anu keur ngalingkungan
tahta jeung para sesepuh jeung opat mahluk
hirup tea bruk sarujud hareupeun tahta,
ngahormat ka Allah.

¹² Kabeh nyarebut, "Amin! Puja jeung puji,
kaagungan, kaluhungan, pamuji sukur,
kahormatan, kakawasaan jeung kawisesaan,
kagungan Allah urang salalanggengna. Amin!"

¹³ Aya sesepuh anu mariksa ka kaula,
saurna, "Coba taksir, saha jeung ti mana eta
anu dijarubah bodas teh?"

¹⁴ Walon kaula, "Sumuhun teu terang.
Juragan anu langkung uninga." Saurna, "Eta
teh jalma-jalma anu tas dikaniaya kacida
hebatna. Ayeuna geus saralamet. Jubahna
geus barodas beresih sabab geus diseuseuh
ku getih itu Anak Domba.

¹⁵ Kitu sababna maranehna aya di dieu,
di payuneun tahta Allah, beurang peuting
ngawula ka Mantenna di bait-Na nu suci.
Maranehna ditangtayungan ku Mantenna anu
linggih dina tahta.

¹⁶ Moal kalaparan deui, moal ngarasa
halabhab deui, moal kaseureud deui ku
panasna panonpoe atawa ku panas naon bae,

¹⁷ sabab bakal diaping ku itu Anak Domba anu aya di tengah-tengah tahta, bakal dibawa ka cinyusu kahirupan, sarta cipononna bakal disusutan ku Allah."

8 ¹Barang segel anu katujuh dibuka, sawarga jempling kira-kira satengah jam lilana.

²Geus kitu kaula nenjo aya tujuh malaikat narangtung di hadirat Allah, tuluy diserenan tujuh tarompet.

³Aya hiji malaikat deui datang mawa parukuyan emas tuluy nangtung deukeut altar. Seug diasongan dupa loba pisan, kukuskeuneun dina altar emas hareupeun tahta, dicampurkeun jeung paneda-paneda umat Allah.

⁴Haseup kukus dupa anu dicampur jeung paneda-paneda umat Allah teh ngelun tina leungeun eta malaikat anu nangtung di hadirat Allah.

⁵Geus kitu parukuyanana ku eta malaikat dicokot, dieusian ruhak tina altar, tuluy diawurkeun ka bumi. Guludug disada ngagulugur, kilat tingjorelat, sarta aya lini di bumi.

⁶Malaikat nu tujuhan tea sadia-sadia rek nariup tarompet.

⁷Malaikat kahiji niup tarompetna. Ti dinya bumi katinggang ku hujan es jeung seuneu campur getih. Sapertilu bumi, sapertilu

tatangkalan, dangdaunan jeung jujukutan
anu harejo musna kahuru.

⁸ Malaikat kadua niup tarompetna. Ti dinya
aya anu siga gunung ngagedur ku seuneu
dikunclungkeun ka laut. Sapertilu laut jadi
laut getih.

⁹ Sapertilu mahluk laut paraeh, sapertilu
kapal-kapal barejad.

¹⁰ Malaikat katilu niup tarompetna. Seug aya
hiji bentang kacida gedena ragrag ti langit,
hurung kawas obor, ninggang ka sapertilu
walungan jeung sumber-sumber cai salian ti
eta.

¹¹ (Ngaran ieu bentang teh "Pait".)
Sapertiluna cai jadi pait. Jalma-jalma loba
anu paraeh, sabab sakur anu nginum eta cai
tuluy paeh ku paitna.

¹² Malaikat kaopat niup tarompetna.
Sapertilu panonpoe, sapertilu bulan, sapertilu
bentang-bentang, kateumbrag ku sorana.
Sapertilu cahayana masing-masing pareum.
Sapertilu beurang jeung sapertilu peuting teu
kabagian caang.

¹³ Geus kitu kaula nenjo hiji manuk rajawali
hiber luhur di awang-awang, sarta kadenge
disada tarik jeung aya unina: "Balahi! Balahi!
Balahi pangeusi bumi lamun tarompet anu
tilu deui geus ditius ku malaikat!"

9 ¹ Malaikat kalima niup tarompetna. Hiji
bentang ragrag ninggang bumi. Eta
bentang diserenan sosi hiji guha.

²Barang eta guha dibuka, peledug bijil haseup ti dinya kawas haseup tina pamueleuman gede terus mumbul. Reup langit reueuk, panonpoe teu tembong deui.

³Tina eta haseup merul simeut turun ka bumi, mararatih kawas kala.

⁴Eta abrulan simeut geus ditimbalan teu meunang ngaruksak jujukutan atawa tatangkalan atawa pepelakan. Ngamukna kudu ka jelema bae, sakur anu tarangna teu make cap Allah,

⁵tapi teu meunang nepi ka paeh, semet dinyenyeri bae ku kanyeri saperti diseureud kala, lima bulan lilana.

⁶Di jero lima bulan tea jalma-jalma bakal nareangan jalan paeh tapi teu bisa paeh, harayangeun paeh ge paeh kalah ka ngejat.

⁷Ari simeutna siga kuda anu dirarahaban ku rarahab perang. Huluna siga make makuta emas, beungeutna siga beungeut jelema.

⁸Baruukan kawas buuk awewe, huntuna siga huntu singa,

⁹dadana siga make baju beusi. Sora jangjangna ngaguruh sada kareta muru tarung ditarik ku kuda loba.

¹⁰Buntutna siga buntut kala jeung aya panyeureudna, paragi nyeureudan jalma-jalma lima bulan lilana.

¹¹Aya rajana anu ngatur, ngaranna dina basa Ibrani Abadon, dina basa Yunani Apolion

(hartina "Tukang Ngaruksak"), nya eta malaikat anu ngajaga liang guha tea.

¹²Sanggeus balahi nu ieu liwat, aya keneh dua rupa deui balahi.

¹³Malaikat kageneb niup tarompetna. Seug aya soara, kaluar ti opat juru altar emas anu di payuneun Allah tea,

¹⁴marentah ka malaikat anu kageneb, "Leupaskeun opat malaikat anu ditarogod di sisi Walungan Eprat!"

¹⁵Seug eta opat malaikat teh dileupaskeun. Eta opat malaikat geus dicalonkeun pikeun maehan sapertilu umat manusa. Jamna, poena, bulanna jeung taunna geus ditangtukeun.

¹⁶Tuluy kaula dibejaan yen aya balad pasukan kuda lobana dua ratus juta urang.

¹⁷Dina ieu tetenjoan kaula nenjo eta pasukan tarumpak kuda, ditaraju kere warnana beureum ngagebur, biru langit kawas warna batu nilem, jeung koneng walirang. Ari kudana huluna siga hulu singa, bangusna nyebrotkeun seuneu, haseup, jeung walirang.

¹⁸Sapertilu umat manusa paraeh ku seuneu, ku haseup, jeung ku walirang, tilu rupa balahi anu nyebrot tina bangus-bangus kuda tea.

¹⁹Kasaktian eta kuda-kuda teh dina bangusna, jeung dina buntutna. Bangun buntutna kawas oray jeung haruluan, dipake nyiksa manusa.

²⁰ Manusa sakarina anu henteu dipaahan ku eta balahi, jarahatna anger bae, anger nyarembah ka roh-roh jahat jeung ka arca-arca tina emas, tina perak, tina tambaga, tina batu jeung tina kayu, barang anu henteu nenjo, henteu ngadenge, henteu leumpang.

²¹ Maranehna teu tarobat, maehan keneh, muhit keneh kana elmu-elmu gaib, rucah, maling.

10¹ Ti dinya kaula nenjo hiji deui malaikat anu gagah lungsur ti sawarga, salirana diharudum ku halimun, mastakana dikukudung kuwung-kuwung, rarayna lir panonpoe, sampeanana kawas tihang seuneu,

² nyepeng gulungan kitab leutik anu muka. Sampeanana nu katuhu napak ka laut, nu kena napak ka darat.

³ Anjeunna nyoara, ngagaur kawas gaurna singa, ditembalan ku gulugurna tujuh guludug.

⁴ Barang gulugur, geuwat ku kaula rek dituliskeun. Tapi kaburu aya gentra ti sawarga, dawuhanana, "Anu diucapkeun ku eta tujuh guludug ulah dicatet, kudu dirasiahkeun!"

⁵ Geus kitu malaikat anu ngadegna napak ka laut jeung napak ka darat teh ngacungkeun panangan katuhu ka langit,

⁶ tuluy sumpah nyambat jenengan Allah anu jumeneng salalanggengna, anu ngajadikeun

langit, bumi, jeung laut, katut sagala eusina.
Saurna, "Geus teu bisa dilila-lila deui!"

⁷ Tapi lamun malaikat anu katujuh geus niup tarompetna, Allah bakal ngalaksanakeun pangrancang-Na anu rasiah keneh, sakumaha anu geus diandikakeun ka nabi-nabi, abdi-abdi Mantenna!"

⁸ Gentra anu tadi kadenge ti sawarga teh ngagenta deui ka kaula, "Cokot itu gulungan kitab anu muka teh, anu keur dicekel ku malaikat anu napak ka laut jeung ka darat!"

⁹ Kaula indit, nyuhunkeun eta kitab leutik ka eta malaikat. Ari saurna, "Heh tampanan terus hakan, dina sungut rasana amis asa madu, geus dina beuteung rasana haseum."

¹⁰ Ku kaula ditampanan tuluy didahar. Enya amis asa madu, tapi barang geus di jero beuteung bet haseum.

¹¹ Ti dinya saurna ka kaula, "Embarkeun sakali deui amanat Allah perkara bangsa-bangsa, nagara-nagara, basa-basa, jeung raja-raja."

11 ¹Kaula ku anjeunna diserenan kayu sateukteuk siga iteuk ukuran, sarta diparentah, "Ukur Bait Allah jeung altar. Itung jelema anu keur ngabarakti di dinya.

²Buruan luarna ulah diukur, sabab geus dibikeun ka jalma-jalma lain umat Allah, anu bakal ngaleyek Kota Suci lilana opat puluh dua bulan.

³Kami rek ngutus saksi kami duaan.
Di jero 1.260 poe tea maranehna bakal
ngembarkeun amanat Allah bari marake
pakean kasungkawaan."

⁴Eta dua saksi teh nya eta dua tangkal
jetun jeung dua lampu anu aya di payuneun
Gustina sakuliah bumi.

⁵Musuh anu ngaganggu ka maranehna pasti
binasa ku seuneu anu kaluar tina sungut
eta dua saksi. Jadi sing saha anu wani-wani
nyusahkeun ka maranehna tangtu paeh.

⁶Maranehna barisaeun ngabendung langit
nahan hujan satungtung keur ngajalankeun
tugasna. Kawasa kana sumber-sumber cai,
bisa ngarobah cai jadi getih, barisaeun
ngadatangkeun rupa-rupa musibat ka bumi
najan sakumaha seringna oge.

⁷Lamun tugasna ngembarkeun amanat geus
anggeus, bakal tarung jeung hiji sato ti guha
kandungan bumi, tapi eleh nepi ka tiwas
duanana.

⁸Mayitna ngalalumbuk di jalan raya di hiji
nagara urut Gustina disalib. Eta nagara
ngaran kiasanana Sadumu, atawa Mesir.

⁹Mayitna henteu dibikeun dikubur,
dilalajoanan ku jalma-jalma ti unggal bangsa,
ti unggal kaom, ti unggal basa, jeung ti
unggal seler bangsa, lilana nepi ka tilu
satengah poe.

¹⁰Jalma-jalma sukan-sukan, silih kiriman hadiah, aratoheun ku tiwasna eta dua nabi anu geus ngabahlakeun ka umat manusa.

¹¹Tapi sanggeus meunang tilu satengah poe ku Allah diasupan deui ambekan, harudang harirup deui, nepi ka jelema-jelema anu narenjoeunana kacida sarieuneunana.

¹²Eta dua nabi ngadenge soara ti sawarga, ungelna, "Hiap unggah!" Tuluy arasup kana mega, unggah ka sawarga, dipalencrong ku musuh-musuhna.

¹³Harita keneh bumi digedag ku lini kacida rongkahna, nepi ka saperpuluhan eta kota lebur, jalma-jalma tariwas, aya tujuh rebu urang nu paeh. Anu harirup keneh beak karep sarieuneunana, seug bae ngaraku kana kaagungan Allah nu di sawarga.

¹⁴Balahi kadua geus liwat, nu katilu tereh nyusul!

¹⁵Malaikat katujuh niup tarompetna. Sawarga ngageder ku soara anu ungelna, "Kakawasaan geusan murba alam dunya geus dicangking ku Pangeran jeung ku Kristus-Na. Mantenna bakal kawasa salalanggengna!"

¹⁶Sesepuh anu dua puluh opat urang anu caralik dina tahta di hadirat Allah tea bruk nyaruuh, ngahormat ka Allah,

¹⁷tuluy ngarucap kieu, "Sewu nuhun nun Pangeran, Allah Nu Maha Kawasa, nu jumeneng ayeuna, nu jumeneng ti jaman

baheula! Gusti parantos kersa nyangking
kawasa rongkah, ngawitan kersa marentah.

¹⁸Umat brahala amarah, margi wawales ti
Gusti parantos nitih kana wanci: Nerapkeun
hukuman ka nu parantos paraeh, ngaganjar
ka para abdi, ka nabi-nabi, sareng ka sugri
anu ngabakti ka Gusti, ageung alit sami.
Ayeuna mangsana ngabasmi maranehna, anu
ngaruksak sakuliah bumi."

¹⁹Bray Bait Allah di sawarga muka, breh
Peti Perjangjian Allah anu disimpen di dinya
katembong. Karelep kilat tingburinyay,
guludug tinggulugur, dibarengan ku lini jeung
hujan es kacida rongkahna.

12¹Geus kitu di langit aya hiji tetenjoan
luar biasa, kacida ahengna: Aya hiji
awewe, pakeanana panonpoe, sukuna napak
kana bulan, sirahna make makuta anu make
dua welas bentang,

²rek ngajuru geus sabroleun, ngoceak
nyantekkeun brolna.

³Aya deui tetenjoan aheng di langit: aya
naga beureum kacida gedena, huluna tujuh,
kabeh marake makuta, tandukna sapuluh.

⁴Buntutna ngadudut sapertilu bentang-
bentang, dibalangkeun ti langit ka bumi. Seug
eta naga ngadangong hareupeun eta awewe,
rek nyaplok orokna lamun geus kaluar.

⁵Brol awewe teh ngajuru, orokna lalaki, anu
bakal murba bangsa-bangsa, marentahna

make iteuk beusi. Orokna harita keneh aya
anu ngejatkeun ka Allah, kana tahta-Na.

⁶Ari indungna ngejat ka gurun keusik, di
ditu tempatna geus aya ti Allah, sarta bakal
diurus di dinya lilana 1.260 poe.

⁷Geus kitu aya perang di sawarga. Mikail
jeung para malaikatna merangan naga jeung
para malaikatna. Naga eleh, teu meunang
deui ngancik di sawarga.

⁸Naga sakitu gedena teh dibalangkeun ka
luar ti sawarga.

⁹Eta oray kahot ti jaman purba teh disebutna
Iblis atawa Setan, tukang nyasarkeun saalam
dunya. Manehna ditotogkeun ka bumi jeung
para malaikatna.

¹⁰Sawarga ngaguruh ku anu ngarucap,
"Geus datang kasalametan kagungan Allah!
Allah geus nembongkeun kakawasaan
yen Mantenna Raja. Ayeuna Kristus-Na
geus nembongkeun kakawasaana-Na. Si
tukang ngadakwa, anu beurang peuting
ngadakwakeun dulur-dulur urang ka Allah
geus dibuang ti sawarga.

¹¹Dulur-dulur urang enggeus tarung
paeh-paeh hirup-hirup nepi ka bisa unggul
ngelehkeun manehna, ku karana getih Anak
Domba, jeung ku karana kayaktian anu
diuarkeunana.

¹²Ku sabab kitu eh sawarga, eh anu
ngarancik di sawarga, sing barungah!
Sabalikna, cilaka bumi jeung laut!

Sabab Iblis geus turun bari napsu ngagugudug, da nyahoeun geus deukeut kana panungtunganana."

¹³ Barang naga teh eling yen dirina geus ditotogkeun ka bumi, tuluy ngudag ka awewe anu tas ngajurukeun budak lalaki tea.

¹⁴ Tapi eta awewe ku Allah dibere jangjang rajawali sapasang sina hiber ka tanah gurun urut bareto, bakal diurus di dinya tilu satengah taun lilana, aman tina panarajang naga.

¹⁵ Naga murakeun cai tina sungutna ngajadi banjir rek malidkeun eta awewe.

¹⁶ Tapi bumi nulungan, seug calangap nyedot cai anu diburakeun ku naga.

¹⁷ Bawaning ku gemes ka eta awewe, naga indit rek ngabasmi turunanana, nya eta jelema-jelema anu tigin kana timbalan-timbalan Allah, jeung gumati kana kayaktian anu dipertelakeun ku Yesus.

13¹ (12-18) Gen naga ngajanteng di sisi basisir. (13-1) Ti dinya kaula nenjo aya hiji sato hanjat ti laut, huluna tujuh tandukna sapuluh. Unggal tanduk make makuta, dina unggal huluna aya tulisan hiji ngaran anu ngahina ka Allah.

² Awakna jiga awak macan tutul, sukuna jiga suku biruang, sungutna jiga sungut singa. Naga tea nyerenkeun kakawasaanana, tahtana jeung wewenangna ka eta sato.

³Huluna anu hiji tayohna tadina raheut parna ngan geus cageur deui. Saeusi jagat mikahelok tuluy naluturkeun.

⁴Naga pada muja-muja pedah geus mere wewenang ka eta sato. Satona ge disembah diparuji, pokna, "Saha anu sarua jeung ieu? Saha nu bisa ngalawan?"

⁵Eta sato meunang idin ngahina ka Allah, meunang marentah sakarep-karep ka jalma-jalma lilana opat puluh dua bulan.

⁶Seug mimiti susumbar ngahina ka Allah, ngahinakeun jenengana-Na, ngahinakeun panglinggihana-Na, jeung ngahinakeun sakur nu aya di sawarga.

⁷Meunang oge narajang jeung ngelehkeun umat Allah, meunang ngawasaan ka unggal kaom, bangsa, basa, jeung seler bangsa.

⁸Bakal disarembah ku manusa sajagat, kajaba ku jelema-jelema anu ngaranna geus dicatet dina kitab daptar anu harirup milikna Anak Domba anu dipeuncit tea, anu dicatetkeunana ti memeh dunya dijadikeun.

⁹Ku sabab kitu sing saha anu enya baroga ceuli, regepkeun ieu weweling:

¹⁰"Jelema anu geus pastina kudu kaboyong, anu pastina kudu paeh ku pedang tangtu paeh ku pedang. Ku lantaran kitu umat Allah kudu satia jeung tabah."

¹¹Ti dinya kaula nenjo hiji sato sejen ti darat, tandukan dua jiga tanduk domba, sarta babasaanana kawas naga,

¹²seug make sagala kakawasaan sato anu kahiji di hareupeunana, maksa sakumna pangeusi jagat nyarembah ka sato anu kahiji anu raheut cageur deui tea,

¹³jeung nyieun rupa-rupa mujijat, malah bisaeun nyieun hujan seuneu ti langit kasaksian ku kabehan.

¹⁴Kalawan paidin jeung wewenang ti sato anu kahiji, sato anu kadua teh nyasabkeun manusa pangeusi jagat ku mujijat-mujijatna. Tuluy deui marentah, nitah nyieun arca sato anu kahiji, anu raheut ku pedang tapi waluya deui tea, pikeun ngahormat.

¹⁵Sato anu kadua teh dibere kasaktian bisa niupkeun napas hirup ka eta arca, nepi ka eta arca teh bisaeun ngomong nitah maehan sakur anu teu daek nyembah ka manehna.

¹⁶Geus kitu jalma-jalma teh nu gede nu leutik, nu beunghar nu miskin, badega, lain badega, ku sato anu kadua dipaksa kudu dicap leungeunna anu katuhu atawa tarangna,

¹⁷cap ngaran eta sato atawa cap angka anu ngalambangkeun ngaranna. Anu henteu make eta cap ngaran teu meunang barangbeuli atawa barangjual.

¹⁸Ari angkana 666, lambang ngaran hiji manusa. Pikeun ngahartikeun eta angka perlu hikmah. Ku nu encer uteukna mah bisa kateguh.

14¹ Ti dinya katingal Anak Domba tea aya di Gunung Sion, jeung 144.000 jelema anu tarangna make tulisan jenengan Anjeunna jeung jenengan Rama-Na.

²Kadenge sora ti langit ngaguruh sada guruhna curug jeung gulugurna guludug, kawas sora kacapi loba dilagukeun.

³Jelema-jelema anu 144.000 teh nyalanghareup kana tahta, ka mahluk nu opat, jeung ka para sesepuh, nganyanyikeun hiji lagu anyar anu ngan maranehna bae anu bisa. Ti sakumna manusa, ngan maranehna anu geus disalametkeun teh,

⁴anu keur di dunyana ngajaga kamurnian diri tara ka awewe, suci ibarat parawan. Ka mana-mana maranehna ngingiring bae ka Anak Domba. Ti sakumna manusa, maranehna mah geus disalametkeun, diheulakeun disembahkeunana ka Allah jeung ka eta Anak Domba.

⁵Maranehna tara pisan ngabohong, taya pisan kuciwana.

⁶Tuluy kaula ningal hiji malaikat hiber luhur di angkasa, mawa warta hal Injil Kasalametan nu langgeng, embarkeuneun ka nu di bumi, ka unggal bangsa, suku bangsa, basa, jeung nagara.

⁷Eta malaikat cumeluk, "Sing gimir ku Allah! Puji kaagungana-Na! Geus cunduk waktuna Mantenna nerapkeun hukuman ka manusa.

Geura sembah Mantenna, anu ngajadikeun langit, bumi, laut, jeung sumber-sumber cai!"

⁸ Malaikat nu kahiji disusul ku nu kadua, anu cumeluk, "Geus rugrug! Babul nu gede teh geus rugrug! Babul geus ngamabokan sakumna manusa ku anggurna, anggur napsu-napsu kotorna!"

⁹ Malaikat nu katilu nyusul, cumeluk, "Sing saha anu nyembah ka si sato jeung ka arcana sarta tarang jeung leungeunna marake tanda eta sato,

¹⁰ bakal diinuman ku anggur ti Allah, anggur bebendu-Na anu ku Mantenna geus dieurihkeun sataker tanaga kana lumur bebendu-Na! Bakal disiksa ku seuneu jeung walirang, disaksian ku malaikat-malaikat suci jeung ku Anak Domba.

¹¹ Haseup seuneu panyiksana ngebul mumbul salalanggengna. Nu nyarembah ka si sato jeung ka arcana, anu tarang jeung leungeunna marake tanda ngaran eta sato, tangtu disiksa beurang peuting teu eureun-eureun."

¹² Umat Allah, anu narurut kana timbalan-timbalan Allah jeung satia ka Yesus, ku ieu perkara diingetan kudu tabah.

¹³ Geus kitu kaula ngadenge aya nu nyoara di sawarga, ungelna, "Tulis kieu: Bagja jelema-jelema, anu ti semet waktu ieu paehna keur ngawula ka Gusti!" Diwaler ku Roh Allah, "Saestuna! Maranehna bakal eureun tina

gawe beurat, sabab hasil panglayananana salilana bakal ngareujeungan ka maranehna."

¹⁴Ti dinya katenjo aya mega bodas, dicalikan ku nu jiga manusa, mastaka-Na nganggo makuta emas, panangana-Na nyepeng arit seukeut.

¹⁵Aya hiji malaikat deui kaluar ti Bait Allah, nyoara tarik ka nu keur calik dina mega, "Babadkeun arit Gusti kana pibuateun, bumi parantos asak, meujeuhna dipibuatan!"

¹⁶Seug nu calik dina mega teh ngayun arit-Na ka bumi, bumi dipibuatan.

¹⁷Aya deui malaikat anu kaluar ti Bait Allah di sawarga, eta oge nyekel arit seukeut.

¹⁸Aya deui malaikat purah ngajaga seuneu kaluar tina altar, nyoara tarik pisan ka malaikat nu nyekel arit seukeut tea pokna, "Geura pake arit andika, pake ngeureutan ranggeuyan anggur tina tangkalna di bumi, sabab geus arasak!"

¹⁹Seug arit teh diayunkeun ka bumi, ngeureutan ranggeuyan anggur tina tangkalna tuluy dialung-alungkeun kana bak pameresan anggur bebendu Allah.

²⁰Anggur teh diperesna di luar kota. Anu kaluar tina bak pameresan teh getih, mani ngocor kawas walungan, panjangna tilu ratus kilometer, jerona meh dua meter.

15¹Geus kitu aya deui hiji pamandangan aheng di langit, agung jeung matak helok kabina-bina. Aya tujuh malaikat

nyangking tujuh rupa balahi anu panutup,
sabab nya ku ieu balahi-balahi Allah
nganggeuskeun bebendu-Na.

²Kaula nenjo aya anu jiga laut kaca awor
jeung seuneu. Jelema-jelema anu geus bisa
ngelehkeun sato katut arcana tea jeung
ngelehkeun jelema-jelema anu marake cap
angka ngaran eta sato, narangtung di sisi eta
laut kaca bari nyarekel kacapi ti Allah,

³sarta nganyanyikeun pupujian Musa abdi
Allah jeung pupujianana Anak Domba, kieu:
"Nun Gusti, Allah Nu Maha Kawasa, estu
agung tur aheng dadamelan Gusti! Nun
Raja sagala bangsa, jalan Gusti adil sareng
sayaktosna!"

⁴Saha anu teu bade gimir ka Gusti? Saha
anu moal ngaku kana kaagungan Gusti?
Mung Gusti bae nu suci. Bangsa-bangsa
bakal darongkap sadaya, sembah sujud ka
pangersa, wireh tindakan-tindakan Gusti nu
adil, kasaksi ku sadayana."

⁵Geus kitu katenjo Bait Allah di sawarga
muka, di jerona tembong aya Kemah
Tepangan Allah.

⁶Tujuh malaikat anu nyangking tujuh balahi
nu panutup tea kalaluar ti eta Bait Allah,
pakeananana tina lawon linen ngeplak bodas
harerang, dadana marake solempang emas.

⁷Eta tujuh malaikat ku salah sahiji mahluk
nu opat dibagi tujuh pinggan emas anu

dieusi ku bebendu Allah anu jumeneng salalanggengna.

⁸ Geus kitu eta Bait Allah teh pinuh ku haseup tina kaagungan jeung kakawasaan Allah, nepi ka taya nu bisa asup ka dinya samemeh balahi anu tujuh rupa anu dicangking ku tujuh malaikat tea dibuktikeun kabeh.

16 ¹Ti Bait Allah aya gentra handaruan nimbalan ka malaikat nu tujuh, "Geura indit, tamplokkeun eusi pinggan bebendu Allah ka bumi!"

²Malaikat nu kahiji namplokkeun pingganna ka bumi. Seug jelema-jelema anu marake tanda sato jeung nyarembah kana arcana teh awakna pinuh ku bisul jahat anu kacida nyerina.

³Malaikat kadua namplokkeun pingganna ka laut. Seug cai laut barobah jadi kawas getih jalma paeh. Mahluk-mahluk laut paraeh.

⁴Malaikat nu katilu namplokkeun pingganna ka walungan-walungan jeung sumber-sumber cai, bruy caina jadi getih.

⁵Malaikat nu ngajaga cai nyoara, "Hukuman ti Gusti teh cocog, nun Anu Maha Suci, Gustina kiwari Gustina bihari!

⁶Layak pisan jalmi-jalmi nu ngocorkeun getih umat Allah sareng nabi-nabi teh ku Gusti diinuman getih!"

⁷Tina altar oge aya soara, "Ya Allah Nu Maha Kawasa! Hukuman-hukuman ti Gusti adil, cocog sakumaha kedahna!"

⁸Malaikat nu kaopat namplokkeun pingganna ka panonpoe. Sebret panonpoe ngaluarkeun panas luar biasa, ngarerab manusia.

⁹Jelema-jelema direrab ku panasna, seug nyarumpahan ka pajenengan Allah anu ngawasaan eta balahi-balahi. Maranehna teu eureun tina dosana, ulah-bon muji kana kaagungan Allah.

¹⁰Malaikat nu kalima namplokkeun pingganna kana tahta sato tea. Reup wilayah kakawasaanana jadi poek, sarta jelema-jelema katarajang kanyeri luar biasa, tingpereket nepi ka huntuna nyareblok kana letahna.

¹¹Seug nyarumpahan ka Allah sawarga, aral ku bisul-bisulna, teu tahan ku kanyerina. Maranehna teu daraekeun tobat tina kalakuan jahatna.

¹²Malaikat nu kagenep namplokkeun pingganna ka Walungan Eprat, walungan gede tea. Set caina saat ngoletrak, keur pijalaneun raja-raja ti tatar wetan.

¹³Geus kitu aya tilu roh najis bangunna jiga bangkong, kaluarna tina sungut naga, tina sungut sato, jeung tina sungut nabi palsu.

¹⁴Eta teh roh-roh jahat anu nyieun kaahengan-kaahengan, tuluy ngulayab ka dunya ngadatangan raja-raja, rek dibawa sakait perang dina poe agung, Poena Allah Nu Maha Kawasa.

¹⁵"Regepkeun! Kami datang mo kasangkasangka ibarat datangna bangsat. Salamet nu nyaring ngajaga pakeanana, moal taranjang leumpangna di tengah umum sarta moal nandangan kaera!"

¹⁶Tilu roh tea ngerid raja-raja ka tempat anu dina basa Ibrani disebut Armagedon.

¹⁷Malaikat katujuh namplokkeun pingganna ka awang-awang. Tina tahta di Bait Allah aya gentra handaruan ungelna, "Geus tinekanan!"

¹⁸Tuluy aya kilat tingbaranyay, guludug tingjalegur, jeung lini kacida gedena. Ti barang manusa dijadikeun can aya lini anu sakitu hebatna. Panghebat-hebatna lini!

¹⁹Kota nu gede tea nepi ka beulah tilu. Kota-kota sakabeh nagara di sadunya burak-barik. Allah emut ka Babul raya, seug eta nagara teh diinuman ku anggur tina lumur Mantenna, anggur bebendu-Na anu ngentab-ngentab.

²⁰Pulo-pulo, gunung-gunung, kabeh musna.

²¹Breg hujan es batu anu pohara baradagna nepi ka beuratna masing-masing lima puluh kilogram, ngaburubut ninggangan manusa. Seug maranehna nyarumpahan ka Allah dumeh dibahlakeun ku hujan es anu sakitu hebatna.

17¹Saurang ti tujuh malaikat nu nyarangking tujuh rupa balahi tea nyampeurkeun ka kaula, bari saurna, "Tuturkeun! Urang nenjo kumaha dihukumna

palacur anu geus kaceluk jadug, jujuluk kota
gede deukeut walungan-walungan tea.

²Raja-raja sajagat geus lacur ka manehna.
Jelema sadunya marabok lantaran ngarinum
anggur kalakuan manehna anu mesum."

³Seug kaula dikawasaan ku Roh, ku eta
malaikat dibawa ka hiji gurun pasir. Di dinya
kaula nenjo hiji awewe, keur diuk dina hiji
sato rupa beureum. Eta sato pinuh ku tulisan,
ngaran-ngaran panghina ka Allah. Satona
huluna tujuh tandukna sapuluh.

⁴Pakean eta awewe warna wungu jeung
beureum kolot, pinuh ku perhiasan
emas, batu-batu permata, jeung mutiara.
Leungeunna nyekel pinggan emas, pinuh
ku hal-hal anu cabul jeung mesum, ladang
lampah lacurna.

⁵Dina tarangna aya tulisan hiji ngaran sandi,
unina: "Babul raya, indung palacur jeung
jelema barejad sajagat."

⁶Eta awewe teh keur mabok ku getih umat
Allah jeung getih jelema nu diparaahan ku
karana satia ka Yesus. Kacida heranna kaula
nenjo eta awewe teh.

⁷Saur malaikat, "Naha make heran? Rasiah
eta awewe jeung sato hulu tujuh tanduk
sapuluh tutumpakanana kieu.

⁸Bareto eta sato teh hirup, ayeuna geus
henteu hirup. Moal lila deui bakal bijil ti jero
guha kereman, tapi bakal dibinasakeun.
Jelema-jelema di bumi, anu memeh aya

dunya ngaranna teu dicatet dina kitab jalma-jalma nu harirup, kabeh bakal mikahelok ka eta sato, da eta sato nu bareto hirup ayeuna geus henteu teh engke bakal aya deui.

⁹ Hal ieu merlukeun hikmat jeung pangarti. Tujuh huluna nuduhkeun tujuh pasir pangdiukan eta awewe. Oge nuduhkeun tujuh raja;

¹⁰ lima raja geus ragrag, nu kagenep keur marentah, nu katujuh tacan datang, mun geus datang bakal marentah tapi ngan sakeudeung.

¹¹ Satona sorangan anu bareto hirup ayeuna geus henteu, eta lambang raja nu kadalapan, kaasup keneh ka nu tujuhan. Ayeuna keur neang pibinasaeunana.

¹² Tandukna sapuluh, nuduhkeun sapuluh raja anu tacan nyekel kawasa, tapi bakal dibere kakawasaan raja, bareng marentah jeung eta sato, lilana ngan sajam.

¹³ Sapuluh raja tea satujuan, sarta nyerenkeun kakawasaan jeung wewenangna ka eta sato,

¹⁴ sarta bakal merangan ka Anak Domba. Tapi bakal eleh ku Anak Domba jeung para panganutna nu saratia nu disalaur jeung dipilih, sabab Anjeunna teh Gustina sakabeh gusti, Rajana sakabeh raja."

¹⁵ Saurna deui, "Cai anu katenjo ku maneh, pangdiukan eta awewe palacuran,

nuduhkeun bangsa-bangsa, rahayat-rahayat, nagara-nagara, jeung basa-basa.

¹⁶Eta awewe palacuran bakal malik dipikaijid ku tanduk nu sapuluh jeung ku satona, hartana bakal dijabel, awakna ditaranjangan, dagingna digarogotan, tuluyna digebruskeun kana seuneu.

¹⁷Sabab hate maranehna ku Allah disina sakait, diloyogkeun kana ngajalankeun tujuan Mantenna, malasrahkeun kakawasaan ka eta sato sina nyekel parentah, nepi ka sakabeh sabda Allah teh tinekanan.

¹⁸Eta awewe teh kota nu gede tea, anu marentah raja-raja saalam dunya."

18¹Geus kitu aya malaikat sejen turun ti sawarga, gagah rongkah. Cahayana sumirat minuhan jagat,

²tuluy nyabda handaruan, "Rugrug! Babul nu sohor geus rugrug! Ayeuna manehna geus jadi pangulinan setan-setan jeung roh-roh najis, padumukan manuk-manuk pikageuleuheun matak ceuceub.

³Sabab sagala bangsa geus nginum anggur keras manehna, anggur hawa napsu mesumna. Raja-raja di dunya ngalampahkeun sanggama mesum jeung manehna, sarta para padagang di dunya jadi baleunghar tina hawa napsu manehna anu teu bisa dikered."

⁴Aya deui sora ti sawarga, ngandika, "He umat Kami, geura budal ti dinya! Ulah kabawa ku dosana, ulah kabawa ku hukumanana.

⁵ Sabab dosana geus jujul ka langit,
kajahatanana geus aya dina emutan Allah.

⁶ Bales sakumaha kalakuanana ka maraneh,
bales dua kalieun sagala kalakuanana.
Pinuhan lumurna ku inuman anu kerasna
dua kalieun inuman nu diajangkeun keur
maraneh.

⁷ Bere sangsara, bere rasa nalangsa, sing
satimpal lobana jeung kamulyaan jeung
kamewahanana. Sabab keukeuh ngomong ka
dirina sorangan, Aing teh jeneng, aing ratu!
Aing lain randa. Aing pamohalan ngalaman
susah.

⁸ Ku sabab kitu rek ditinggangan ku pagebug,
panyakit, kalaraan, kalaparan, disapoakeun.
Rek digebruskeun kana seuneu, sabab Gusti
Allah nu ngahukumna maha digjaya."

⁹ Raja-raja di bumi anu geus marilu
kana lampah cabulna, barang narenjo eta
kota digulung ku haseup tina seuneu nu
ngahuruna, kabeh careurik jeung midangdam.

¹⁰ Tapi semet marelong ti kajauhan da
sarieueneun kabawa balahi. Seug ngaromong,
"Matak sieun kabina-bina! Hebat kabina-bina!
Cilaka enya kota Babul anu gede jeung
digjaya teh! Ngan di jero sajam anjeun geus
musna ku hukuman."

¹¹ Para padagang di bumi ge careurik
jeung midangdam ku hal manehna, lantaran
barang-barangna moal aya nu meulian deui.

¹²Moal aya deui anu meuli ka maranehna emas, perak, batu-batu adi, mutiara; lawon linen, lawon wungu, lawon beureum kolot, lawon sutra, rupa-rupa kayu langka, rupa-rupa barang tina gading, tina kayu nu marahal, tina tambaga, beusi, marmer;

¹³kayu manis, bungbu-bungbu, setanggi, emur, dupa; anggur jeung minyak, tipung jeung gandum, sapi jeung domba, kuda jeung padati, abid-abid, malah nepi ka nyawa manusia pisan!

¹⁴Ceuk para padagang ka eta awewe, "Barang-barang aralus anu ku anjeun hayang kapiboga, kabeh geus musna, kitu deui kakayaan jeung kamenterangan anjeun geus sirna, sarta ku anjeun moal kapanggih deui!"

¹⁵Para padagang anu sok daragang di eta kota nepi ka baleunghar teh bakal marelong ti kajauhan, deukeut-deukeut mah sarieuneun kabawa balahi. Maranehna bakal careurik jeung sungkawa,

¹⁶jeung ngaromong kieu, "Matak sieun kabina-bina! Hebat kabina-bina cilakana kota anu sakitu gedena teh! Biasana mah sok ngadangdanan maneh make lawon linen, make nu wungu jeung nu beureum kolot, awakna katutup ku perhiasan-perhiasan tina emas, batu-batu adi, jeung mutiara!

¹⁷Kari-kari mani ngan di jero sajam kabeungharanana musna!" Nangkoda-nangkoda kapal, para panumpang,

kalasi-kalasi, jeung sajaba ti eta nu nyaliar pangupa jiwa di laut, narangtung ti kajauhan.

¹⁸ Barang narenjoeun haseup ngagelek ti eta kota anu keur diamuk ku seuneu mani tinggarero, "Can aya kota sejen anu saperti eta kota gede!"

¹⁹ Maranehna mani ngawuran sirah ku lebu nyirikeun prihatin, careurik jeung midangdam, pokna, "Matak sieun kabina-bina! Hebat kabina-bina cilakana eta kota nu sakitu gedena teh! Eta kota teh geus ngabeungharkeun nu baroga kapal laut, kawantu kota beurat beunghar. Kari-kari mani ngan di jero sajam pisan kabeungharanana geus musna!"

²⁰ Sing bungah, sawarga! Eta kota geus binasa! Sing bungah umat Allah, rasul-rasul, jeung nabi-nabi! Sabab Allah geus ngahukum manehna, ngabales kalakuanana ka aranjeun!

²¹ Geus kitu aya hiji malaikat anu rongkah tanagana ngangkat hiji batu gede naker sagede batu panggilingan, tuluy dibalangkeun ka laut. Ceuk eta malaikat, "Kieu kasarna engke kota Babul nu gede teh dibeubeutkeunana nepi ka moal tembong-tembong deui.

²² Ti maneh moal kadenge-denge deui sora kacapi, sora kawih, sora suling, jeung sora tarompet. Di maneh moal aya deui patukangan naon bae nu digawe, moal aya deui sora panggilingan!

²³ Moal tembong deui cahaya lampu, moal aya deui sora panganten lalaki panganten awewe. Para padagang maneh pangkawasana di saalam dunya, sarta maneh nипу sagala bangsa ku elmu-elman sihir maneh!"

²⁴ Babul dihukum, sabab di eta kota kanyahoan loba getih nabi-nabi, loba getih umat-umat Allah, cindekna getih jelema-jelema anu diparaahan di bumi.

19¹ Geus kitu kaula ngadenge sora ngageder di sawarga, kawas gederna sora mangpirang-pirang jelema, nyarebut, "Puji Allah! Kasalametan, kamulyaan, jeung kakawasaan, kagungan Allah urang!"

² Putusan Mantenna adil jeung jujur. Mantenna geus ngahukum palacur anu ngaruksak dunya ku lampah mesumna. Manehna ku Allah geus dihukum, sabab geus maehan abdi-abdi-Na."

³ Maranehna ngageder deui, "Puji Allah! Eta kota geus dihuru, haseupna meledug salalanggengna!"

⁴ Dua puluh opat sesepuh jeung opat mahluk tea tuluy sarujud, ngabakti ka Allah nu linggih dina tahta, sarta nyarebut, "Amin! Puji Allah!"

⁵ Geus kitu tina tahta bijil soara, ungelna, "Sanggakeun puji ka Allah urang, he sakabeh abdi-Na, sakabeh umat-Na, sakur anu sumujud ka Mantenna gede leutik!"

⁶ Kaula ngadenge deui sora ngageder, sada gederna jelema mangpirang-pirang, ngaguruh

sada curug, ngagulugur sada guludug. Kaula ngadenge maranehna nyarebut, "Puji Allah! Sabab Pangeran Allah urang Nu Maha Kawasa teh Raja!

⁷ Hayu urang suka-suka, urang muji kaagungan Mantenna! Sabab ayeuna anu ngagem jujuluk Anak Domba baris nikah, panganten istrina geus tarapti,

⁸ geus dianggoanan raksukan linen anu nyacas beresih gugurilapan." (Harti lawon linen: lampah hade umat Allah.)

⁹ Malaikat tea sasauran ka kaula, "Tulis: Bagja nu diondang kana pesta nikahna nu ngagem jujuluk Anak Domba." Saurna deui, "Kitu dawuhan Allah, dawuhan sayaktina."

¹⁰ Kaula deku seja nyembah ka anjeunna. Tapi saurna, "Ulah kitu! Kaula ge ngabdi saperti andika, saperti dulur-dulur andika jeung sakur nu nyarekel kayaktian anu dipertelakeun ku Yesus. Nyembah mah kudu ka Allah!" Ari kayaktian anu dipertelakeun ku Yesus teh jadi sumberna ilham nabi-nabi.

¹¹ Geus kitu katingal sawarga muka, breh aya hiji kuda bodas. Jenengan anu tunggangna Sang Satia jeung Sang Saestu, adil dina mutus perkara, adil dina jurit.

¹² Soca-Na moncorong lir seuneu hurung, mastaka-Na nganggo makuta rea. Dina salira-Na aya tulisan hiji jenengan. Ngan Anjeunna bae anu uninga kana eta jenengan teh.

¹³Panganggo-Na beunang nyelep ku getih.
Jenengan Anjeunna "Sabda Allah".

¹⁴Anjeunna diiring ku angkatan perang
sawarga anu tarumpak kuda bodas sarta
dangdanananana tina lawon linen bodas nyacas
beresih.

¹⁵Tina baham-Na bijil pedang seukeut,
pikeun ngelehkeun bangsa-bangsa, sarta
bangsa-bangsa teh ku Anjeunna bakal
diparentah ku iteuk beusi. Anjeunna bakal
ngaluluh anggur dina bak pameresan bebendu
Allah Nu Maha Kawasa.

¹⁶Dina jubah jeung paha-Na aya tulisan hiji
gelaran, ungelna: "Rajana para raja, Gustina
para gusti".

¹⁷Ti dinya kaula nenjo hiji malaikat
nangtung dina panonpoe, cumeluk handaruan
nyalukan manuk-manuk anu keur haliber di
satengahing awang-awang,

¹⁸"Ka darieu, kumpul kana pesta gede
anu diadegkeun ku Allah. Hakanan ieu
daging raja-raja, daging jendral-jendral,
daging serdadu-serdadu, daging kuda jeung
nu tarumpakna, daging sakabeh jelema,
nu gede, nu leutik nu jadi abid jeung nu
merdeka!"

¹⁹Geus kitu sato tea jeung raja-raja saalam
dunya katut angkatan perangna tempong,
geus ngahiji sakait rek merangan anu
tunggang kuda jeung angkatan perang-Na.

²⁰Tapi eta sato kacerek jeung nabi palsuna anu sok nyieun mujijat di hareupeun eta sato. (Mujijat-mujijatna ku eta sato dipake nyasarkeun jelema-jelema anu marake tanda manehna jeung nu nyarembah kana arcana.) Eta sato jeung nabi palsuna digebruskeun hirup-hirup kana lautan seuneu walirang anu hurung ngagegedur.

²¹Angkatan perangna beak paraeh disabetan ku pedang anu bijil tina baham nu tunggang kuda bodas tea, sarta sakabeh manuk ngaharakanan bangke-bangkena mani rarewog.

20¹Geus kitu kaula nenjo hiji malaikat turun ti sawarga, mawa konci guha kereman (abys) jeung ngajingjing rante semu beurat pisan.

²Tuluy newak naga, si oray kahot, anu saenyana mah Iblis atawa Setan, terus dirante lilana pikeun sarebu taun.

³Tuluy digebluskeun ka jero guha kereman, lawang guhana terus dikonci jeung disegel. Sarebu taun pililaeunana manehna moal bisaeun deui ngagoda ka manusa. Lamun eta jaman geus beak, eta naga bakal dileupaskeun heula sakeudeung.

⁴Geus kitu kaula nenjo aya tahta-tahta, anu nyaralikanana dibarere kawasa mutus hukum. Salian ti eta nenjo aya nyawa-nyawa jelema anu maraotna diteukteuk beuheung lantaran nyebarkeun kayaktian anu dipertelakeun

ku Yesus jeung nguarkeun sabda amanat Allah, teu nyarembah ka sato tea jeung kana arcana, jeung henteu marake tanda eta sato boh dina tarang boh dina leungeun. Maranehna geus harirup deui sarta jaradi raja jeung Kristus, sarebu taun pililaeunana.

⁵ Harirupna deui teh dina mangsa nu disebut mangsa hudang nu kahiji. (Salian ti maranehna mah nu paraeh teh tacan waka diharirupkeun deui, giliranana lamun geus beak anu sarebu taun.)

⁶ Bagja tur kacida diberkahanana sakur anu hirup deui dina mangsa hudang nu kahiji. Paeh nu kadua pikeun maranehna mah geus moal aya pangaruhna. Maranehna bakal jaradi imamna Allah jeung imamna Kristus, sarta bakal marentah bareng jeung Anjeunna dina eta jaman sarebu taun.

⁷ Sanggeus jaman nu sarebu taun beak, Iblis bakal dileupaskeun ti jero tahanan,

⁸ seug ngagoda ka bangsa-bangsa sakuliah dunya, nya eta Gog jeung Magog. Maranehna ku Iblis dibawa kana perang, bilanganana teu kira-kira lobana mani kawas keusik di basisir laut,

⁹ disebar di saalam dunya, ngepung pakemahan umat Allah jeung kota anu ku Allah didama-dama. Tapi maranehna beak dilebur ku seuneu ti langit.

¹⁰ Ari geus kitu Iblis nu nипу maranehanana digebruskeun ka lautan seuneu jeung

walirang. Di dinya geus nyampak sato tea jeung nabi palsuna, digebruskeunana ti heula. Maranehna bareng disiksa di dinya beurang peuting, kitu bae salalanggengna.

¹¹ Geus kitu kaula nenjo hiji tahta gede warna bodas sarta aya nu nyalikan. Bumi jeung langit leungit ngejat ti payuneuna-Na, teu tembong deui.

¹² Kaula nenjo oge jelema-jelema anu geus paraeh, gede leutik, narangtung hareupeun eta tahta. Kitab-kitab dibaruka, jeung aya deui hiji kitab sejen meunang muka, nya eta kitab catetan nu harirup. Eta jelema-jelema diputus hukumanana, luyu jeung kalakuanana masing-masing sakumaha anu dicatet dina kitab-kitab tea.

¹³ Laut nyerenkeun jelema-jelema paraeh anu aya dina genggemanana. Maot jeung alam maot nyerenkeun jelema-jelema paraeh anu aya dina genggemanana. Kabeh diputus hukumanana satimpal jeung kalakuanana.

¹⁴ Geus kitu Maot jeung alam maot digebruskeun ka lautan seuneu. (Ieu lautan seuneu teh nya eta paeh kadua.)

¹⁵ Jelema-jelema anu ngaranna henteu aya dina kitab anu harirup, digebrus-gebruskeun ka eta lautan seuneu.

21 ¹ Geus kitu kaula nenjo langit anu anyar jeung bumi anu anyar. Langit jeung bumi anu ti heula geus teu aya, laut geus teu aya.

²Jeung nenjo Kota Suci Yerusalem anyar turun ti sawarga, ti Allah, geus pepek lir panganten awewe beunang midang rek nepungan salakina.

³Aya soara tarik tina tahta, unina, "Tempat Allah ayeuna geus ngahiji jeung manusa! Mantenna rek sasarengan jeung maranehna, maranehna bakal jadi umat-Na, sarta Mantenna bakal jadi Allah maranehna.

⁴Mantenna bakal nyusutan cipanon maranehna. Paeh, kasedih, piceurikeun, kanyeri, moal aya-aya deui. Sakur nu heubeul geus sirna."

⁵Anu linggih dina tahta ngadawuh, "Ayeuna, saniskara kaayaan ku Kami geus dianyarkeun!" Dawuhana-Na ka kaula, "Tuliskeun, sabab ieu ucapan teh saestuna, layak dipercaya!"

⁶Pok deui ngadawuh, "Geus rengse! Kami teh Nu Awal jeung Nu Ahir, Kami teh Gusti ti mimiti nepi ka panganggeusan. Nu halabhab ku Kami rek dibere hak nginum tina cinyusu sumberna hirup, teu kudu mayar.

⁷Sakur nu unggul eta putra Kami, ku Kami rek dibere cai eta, Kami pijadieun Allahna.

⁸Sabalikna anu jejerih ku paeh, anu hianat, anu murtad, anu maehan, anu tuna susila, tukang sihir, anu muja brahala, jeung tukang bohong, bagianana paeh kadua, nya eta lautan seuneu jeung walirang."

⁹Hiji malaikat ti nu tujuh nu nyarangking tujuh rupa balahi anu pamungkas tea nyampeurkeun ka kaula bari saurna, "Hayu milu, ku kaula rek dibawa nenjo Panganten Istri, geureuha-Na anu ngagem jujuluk Anak Domba."

¹⁰Seug kaula dikawasaan ku Roh, dibawa ku eta malaikat ka hiji puncak gunung anu kacida luhurna. Tuluy ditembongan Kota Suci Yerusalem nu keur turun ti sawarga, ti Allah.

¹¹Katembongna mani ngempur ku kamulyaan Allah, murub-mubyar kawas cahaya batu adi, cahaya batu widuri pandan, herang saperti kristal.

¹²Eta kota make kuta anu nya gede nya luhur, make lawang dua belas anu dijaga ku dua belas malaikat. Lawang-lawangna ditulisan ngaran dua belas kaom bangsa Israil.

¹³Unggal sisi lawangna tilu-tilu: di wetan tilu, di kidul tilu, di kaler tilu, di kulon tilu.

¹⁴Kutana ngadegna dina dua belas batu tatapakan anu ditulisan jenengan dua welas rasulna Anak Domba.

¹⁵Malaikat anu sasauran ka kaula teh mawa hiji tumbakan emas rek ngukur eta kota, lawang-lawang jeung kutana.

¹⁶Bangun eta kota pasagi bener, panjangna sarua jeung rubakna. Sanggeus ku malaikat diukur ku tumbakan, panjangna eta kota teh

2.400 kilometer; rubakna jeung luhurna oge sakitu.

¹⁷ Tembok kutana oge ku eta malaikat diukur, luhurna genep puluh meter nurutkeun patokan ukuran nu keur dipake ku anjeunna.

¹⁸ Tembok kutana oge dijieunna tina batu widuri pandan, ari kotana tina emas murni mani ngagenclang kawas kaca.

¹⁹ Batu-batu tatapakan kuta dihias ku rupa-rupa batu adi. Batu tatapakan kahiji batu widuri pandan, nu kadua batu nilem, nu katilu batu angkik, nu kaopat batu jambrut,

²⁰ nu kalima batu permata, nu kagenep batu permata dalima, nu katujuh batu widuri koneng, nu kadalapan batu ratna campaka, nu kasalapan batu manikem koneng, nu kasapuluh batu kalsedon, nu kasabelas batu pirus, nu kadua belas batu kucubung.

²¹ Lawangna dua welasanana mutiara, hiji lawang tina hiji mutiara. Jalan gedena emas murni mani ngagenclang tembus tingal.

²² Di eta kota teu aya Bait Allah, sabab nu jadi bait sucina Allah Nu Maha Kawasa ku mantan jeung Anak Domba tea.

²³ Jeung teu perlu aya panonpoe atawa bulan, sabab geus caang ku cahaya kamulyaan Allah, ari lampuna Anak Domba.

²⁴ Bangsa-bangsa di dinya bakal nyorang eta caang, raja-raja di bumi marawakeun pangbakti ka dinya.

²⁵ Lawang-lawangna maruka sapapanjangna, sabab di dinya taya peutingna.

²⁶ Bangsa-bangsa katut kamegahan jeung kamuktianana bakal diasupkeun ka dinya.

²⁷ Tapi jelema anu najis jeung jelema anu aeb kalakuan atawa tukang bohong teu meunang asup. Anu bisa ka darinya ngan anu ngaranna aya dina kitab jelema-jelema nu harirup kagunganana Anak Domba tea.

22¹ Ti dinya malaikat teh nuduhkeun hiji walungan anu caina matak hirup, caina ngagenclang herang mani kawas kristal, asalna tina tahta Allah jeung tahta Anak Domba,

² terus ka hilir ka tengah-tengah jalan raya kota. Di sisina kenza katuhu aya tangkal kahirupan anu buahanana sataun dua welas kali, saban bulan, daunna paranti nyageurkeun bangsa-bangsa.

³ Di eta kota geus moal aya deui anu diragragan supata ku Allah. Tahta Allah jeung tahta Anak Domba bakal aya di dinya, sarta Mantenna dibarakti ku abdi-abdi-Na.

⁴ Abdi-abdi-Na bakal narenjo tameunteu-Na. Jenengana-Na bakal ditulis dina tarang abdi-abdi-Na.

⁵ Di dinya geus taya peuting, teu perlu lampu atawa cahaya panonpoe, geus caang ku cahaya kamulyaan Gusti Allah. Para wargana bakal marentah kawas raja-raja, salalanggengna.

⁶Saur malaikat ka kaula, "Ieu ucapan teh saestuna, layak dipercaya. Gusti Allah anu maparin Roh-Na ka para nabi geus ngutus malaikat-Na sina nembongkeun ka abdi-abdi-Na perkara anu bakal tereh kajadian."

⁷"Regepkeun!" dawuhan Yesus. "Kami tereh datang. Salamet anu ngimankeun ucapan nubuat dina ieu kitab!"

⁸Anu dicaritakeun tadi kabeh kadenge sarta katenjo ku kaula, Yohanes. Sanggeus kabeh kadenge jeung katenjo, brek kaula sideku kana sampean eta malaikat anu nembongkeunana, rek nyembah.

⁹Tapi saurna, "Ulah kitu! Kaula ge ngabdi kawas andika, kawas nabi-nabi dulur andika jeung sakur anu ngimankeun ucapan nubuat dina ieu kitab. Nyembah mah kudu ka Allah!"

¹⁰Saurna deui, "Ucapan nubuat dina ieu kitab ulah dirasiahkeun, sabab geus tereh pisan pijadieunana.

¹¹Jalma jahat sing terus nyieun kajahatan, nu hade lampah sing terus hade lampah, anu suci kalakuan sing tetep suci kalakuan."

¹²"Regepkeun!" dawuhan Yesus. "Kami tereh datang, mawa upah unggal jelema satimpal jeung lampahna.

¹³Kami teh Nu Awal jeung Nu Ahir, Kami teh Gusti ti mimiti nepi ka panganggeusan."

¹⁴Salamet jelema anu jubahna geus beunang nyeuseuh beresih, meunang

ngadahar buah tangkal kahirupan, meunang asup ka eta kota liwat lawang-lawangna.

¹⁵ Sabalikna anu murtad, tukang sihir, anu tuna susila, tukang maehan, nu muja brahala, jeung tukang bohong, tempatna di luar.

¹⁶ "Kami Yesus, geus ngutus malaikat Kami mere nyaho ka maneh ieu sagala perkara supaya ditepikeun ka jamaah-jamaah. Kami teh ti turunan Daud. Kami teh bentang timur nu moncorong."

¹⁷ Roh jeung Panganten Istri tea unjukan, "Sumangga sumping!" Anu ngadarenge hal ieu oge kudu unjukan kitu, "Sumangga sumping!" Nu halabhab ka darieu! Saha bae anu hayang cai anu matak hirup, jadi ganjaran.

¹⁸ Ka anu ngadenge ieu ucapan nubuat, kaula Yohanes ngipat-ngipatan: saha bae anu nambahan eta ucapan, hukumanana ku Allah bakal ditambahan ku balahi-balahi anu kaungel dina ieu kitab.

¹⁹ Jeung saha bae anu ngurangan ucapan nubuat ieu kitab, buah tangkal kahirupan bagianana ku Allah bakal dicandak jeung teu meunang aya di Kota Suci nu kaungel dina ieu kitab.

²⁰ Anjeunna, anu nyaksian ieu sakabeh perkara ngadawuh, "Kitu saestuna! Kami tereh datang!" Leres! Sumangga sumping nun Gusti Yesus!

²¹ Mugia sakumna umat Allah ginuluran sih kurnia Gusti Yesus.

KITAB SUCI

Nya eta

**Kitab Perjangjian Lawas sareng Perjangjian Anyar
Nganggo Basa Sunda Sadidinten**

LEMBAGA ALKITAB INDONESIA
JAKARTA 1991

Alkitab Bahasa Sunda
The Bible in Today's Sundanese Version

ISBN 979-463-352-6
IBS 10;SUND;TSV-062P;16M-1991

© LAI

Lembaga Alkitab Indonesia
Jl. Salemba Raya 12, Telp. (021)-332890
Jakarta 10430

Cetakan pertama 1991

Dicetak oleh
Percetakan Lembaga Alkitab Indonesia